Alkitab
Bahasa Jawa

Bahasa Sehari-hari 1994

Kejadian

1 [1] Ing jaman kuna sing wiwitan mula
Gusti Allah nitahaké jagad.
[2] Bumi kaananané isih ora karu-karuwan,
tur sepi banget. Salumahé bumi
ketutupan banyu, mangka kaananané
peteng ndhedhet. Déné Rohé Allah
makarya ana ing sandhuwuré banyu.
[3] Gusti Allah nuli ngandika, "Anaa
padhang." Banjur ana padhang.
[4] Gusti Allah mirsani yèn padhang mau
wis becik. Panjenenganė nuli misah
padhang karo peteng,
[5] sing padhang diarani "rina," sing
peteng diarani "wengi". Mengkono wis
dadi soré lan ésuk; yakuwi dina kang
kapisan.
[6] Gusti Allah nuli ngandika, "Anaa
penthèngan[a] kang misahaké banyu dadi
loro, ing panggonané dhéwé-dhéwé."
Banjur iya dadi mengkono.
[7] Kaya mengkono Gusti Allah wus yasa
penthèngan kanggo misahaké banyu
sing ana sangisoring penthèngan karo

---

[a]penthèngan: cakrawala.

banyu sing ana sandhuwuré penthèngan
mau.
8 Penthèngan kuwi diarani "langit".
Mengkono wis dadi soré lan ésuk; yakuwi
dina kang kapindho.
9 Gusti Allah banjur ngandika, "Banyu
kang ana ing sangisoring langit padha
nglumpuka dadi siji, supaya katona
dharatané." Banjur iya dadi mengkono.
10 Dharatan mau diarani "bumi," lan
klumpukané banyu diarani "segara".
Gusti Allah mirsani yèn kaanané wis
becik.
11 Panjenenganè nuli ngandika, "Bumi
metokna tetuwuhan rupa-rupa, yakuwi
thethukulan kang nuwuhaké wiji, lan
wit-witan kang metokaké woh-wohan."
Banjur iya dadi mengkono.
12 Bumi metokaké tetuwuhan werna-
werna, iya thethukulan sing nuwuhaké
wiji, semono uga wit-witan sing
metokaké woh-wohan. Gusti Allah
mirsani yèn kuwi mau kabèh wis becik.
13 Mengkono wis dadi soré lan ésuk;
yakuwi dina kang katelu.
14 Gusti Allah banjur ngandika, "Ing
langit anaa pepadhangé sing misahaké
rina lan wengi, sarta kanggo tengeran

wiwitané dina, taun lan mangsa riaya
manut prenataning agama.
15 Karo menèh padha dadia pepadhang
ing langit lan madhangana bumi." Banjur
iya dadi mengkono.
16 Gusti Allah yasa pepadhang loro sing
gedhé, yakuwi srengéngé ngerèh wayah
rina, lan rembulan ing wayah bengi,
mengkono uga yasa lintang-lintang.
17 Pepadhang-pepadhang mau
diprenahaké déning Gusti Allah ana ing
langit kanggo madhangi bumi,
18 ngerèh wayah rina lan wayah bengi,
apa déné misahaké padhang karo
peteng. Gusti Allah mirsani yèn kabèh
mau wis becik.
19 Mengkono wis dadi soré lan ésuk;
yakuwi dina kang kapat.
20 Gusti Allah nuli ngandika, "Ing banyu
anaa kéwan banyu werna-werna, lan ing
awang-awang anaa manuké."
21 Gusti Allah nitahaké kéwan kang
gedhé-gedhé banget, lan werna-werna
sing padha urip ing banyu, semono uga
sakèhé manuk. Gusti Allah mirsani yèn
kuwi kabèh wis becik.
22 Nuli padha diberkahi; pangandikané
marang kéwan-kéwan sing ana ing

banyu, "Padha bebranahana[b] lan
tangkar-tumangkara, ngebakana
banyuning segara. Lan manuk-manuk
padha tangkar-tumangkara ana ing
bumi."
23 Mengkono wis dadi soré lan ésuk;
yakuwi dina kang kalima.
24 Gusti Allah banjur ngandika, "Ing
bumi anaa kéwan werna-werna, kéwan
ingon-ingon lan kéwan alasan, kang
gedhé lan kang cilik." Banjur iya dadi
mengkono.
25 Gusti Allah yasa sato kéwan kuwi
mau kabèh, sarta dipirsani wis becik.
26 Gusti Allah nuli ngandika, "Ayo
Kita padha yasa manungsa, nulad
gambar lan pasemon Kita. Manungsa iku
ngwasanana iwak-iwak, manuk-manuk,
lan sakèhé kéwan ingon-ingon lan kéwan
alasan, sing gedhé tekan sing cilik dhéwé
pisan."
27 Gusti Allah nuli yasa manungsa
nulad gambar lan pasemoné Piyambak.
Enggoné nitahaké manungsa mau
lanang lan wadon.

---

[b]bebranahan: tangkar-tumangkar: berkembang biak.

28 Nuli padha diberkahi, pangandikané, "Padha bebranahana lan tangkar-tumangkara; turunmu padha ngebakana lan ngwasanana bumi. Mengkono uga padha ngwasanana sakèhing iwak, manuk-manuk lan kéwan-kéwan alasan."
29 Sarta pangandikané menèh, "Kowé padha Dakparingi sarupané thethukulan kang metokaké wiji, apa déné sarupané woh-wohan minangka panganmu;
30 nanging sakèhing sato-kéwan alasan lan sakèhing manuk sarta sarupaning kéwan-kéwan liyané Dakparingi suket lan godhongé tetuwuhan minangka pangané." Banjur iya dadi mengkono.
31 Gusti Allah nuli mirsani samubarang yasané, lan kabèh mau wis becik banget. Mengkono wis dadi soré lan wis dadi ésuk; yakuwi dina kang kanem.

2 1 Mengkono mau rampungé dumadiné jagad lan saisiné kabèh.
2 Ing dina kapitu Gusti Allah wis ngrampungaké sakèhing yasané, banjur kèndel enggoné makarya.[c]
3 Dina kapitu mau nuli diberkahi sarta disengker, merga ing dina kuwi Panjenenganė kèndel ing pakaryan

---

[c]makarya: nyambut-damel.

enggoné nitahaké samubarang
yeyasané.
4 Kaya mengkono dumadiné jagad
nalika dititahaké. Nalika Gusti Allah
nitahaké jagad,
5 ing bumi durung ana tetuwuhan, lan
durung ana wiji sing thukul, awit Gusti
Allah durung nekakaké udan lan durung
ana wong ngolah bumi.
6 Nanging ana banyu metu saka
sangisoring lemah lan nelesi palemahan
mau kabèh.
7 Gusti Allah banjur mundhut lemah
saka ing bumi kawangun manungsa;
nuli bolongané irungé kasebul nganggo
napasing urip, mula manungsa banjur
urip.
8 Gusti Allah banjur yasa petamanan
ing tanah Èden, ing sisih Wétan. Ana ing
petamanan kono Gusti Allah enggoné
mapanaké manungsa sing didhapur
mau.
9 Ing petamanan kono Gusti Allah
nukulaké sakèhé wit-witan sing katon
asri, lan sing metokaké woh-wohan sing
becik kanggo pangan. Ing satengahing
petamanan uga ana witing kauripan, lan
witing pangerti bab kang ala lan becik.

10 Ing kono ana kali gedhé sing
ngilèni petamanan mau. Ing sanjabané
petamanan kali gedhé kuwi banjur
cawang dadi kali papat.
11 Kali sing kapisan jenengé Pison; kali
iki iliné ngubengi ing satanah Hawila.
12 (Ing tanah kono ana emasé murni,
uga ana bangsané blendok sing ambuné
wangi banget, sarta sesotya-sesotya[d]
sing rupané éndah banget.)
13 Kali sing kapindho jenengé Gihon,
iliné ngubengi satanah Kus.
14 Kali kang katelu Tigris, lakuné metu
ing sawétané tanah Asyur; déné kali
kang kapat, Éfrat.
15 Gusti Allah mapanaké manungsa ana
ing petamanan Èden, didhawuhi ngolah
lan ngreksa petamanan mau,
16 karo dingandikani mengkéné,
"Sarupané wit-witané petamanan iki
wohé olèh kokpangan,
17 kejaba mung witing pangerti bab
kang ala lan becik, kuwi wohé aja
kokpangan. Awit samasa kowé mangan
wohé mau, ing dina kuwi uga kowé bakal
mati."

---

[d]sesotya: séla ingkang adi.

18 Gusti Allah banjur ngandika, "Ora
prayoga yèn manungsa mung ijèn waé.
Dakyasakné kanca kang sembada."
19 Gusti Allah banjur mundhut lemah,
nuli kadhapur dadi sarupané sato kéwan
lan sarupané manuk. Kabèh mau banjur
dipapanaké ana ing ngarepé manungsa,
awit Gusti Allah kersa mirsani, kepriyé
manungsa enggoné mènèhi jeneng
marang kéwan-kéwan mau. Yakuwi
mula-bukané kéwan lan manuk padha
duwé jeneng dhéwé-dhéwé.
20 Mengkono dadiné manungsa mènèhi
jeneng marang sarupané kéwan.
Nanging ora ana manungsa siji waé sing
bisa dadi réwangé sing sembada.
21 Gusti Allah nuli ndadèkaké manungsa
mau turu kepati, lan igané dipundhut siji;
tilas panggonané iga kang kapundhut
mau diisèni daging.
22 Iga sing kapundhut saka manungsa
mau nuli didhapur déning Gusti Allah
dadi wong wadon, banjur dipapanaké
ana ing ngarepé manungsa.
23 Ing kono manungsa nuli ngucap,
"Yaiki titah sing kaya aku, sing
balungé saka balungku, lan dagingé

saka dagingku. Manungsa iki diarani
‘kedhini’,[e] awit kajupuk saka kedhana."[f]
24 Mulané wong lanang pinesthi ninggal
bapa-biyungé lan rumaket marang
rabiné, sarta sekaroné bakal dadi badan
siji.
25 Manungsa lanang lan wadon mau
sekaroné padha wuda, éwadéné ora
rumangsa isin.

3 1 Padha-padha kéwan sing katitahaké
déning Gusti Allah, ula kuwi kéwan
sing sugih akal. Ula mau takon karo
wong wadon, "Apa bener Gusti Allah
ora marengaké kowé mangan wohing
wit-witan kabèh sing ana ing petamanan
iki?"
2 Wangsulané wong wadon, "Wohé
wit-witan ing petamanan iki padha olèh
dakpangan,
3 kejaba mung wohé wit sing ana
ing satengahé petamanan; sing
didhawuhaké déning Gusti Allah, ‘Aja
kokpangan, malah kokgepok waé ora
kena, supaya kowé aja padha mati.’"
4 Ula banjur kandha, "Kuwi ora bener!
Kowé ora bakal mati!

---

[e]kedhini: èstri.
[f]kedhana: jaler.

5 Gusti Allah enggoné ngandika
mengkono mau merga pirsa yèn samasa
kowé padha mangan woh kuwi, kowé
bakal dadi kaya Gusti Allah, lan ngerti
apa sing becik lan sing ala."
6 Wong wadon bareng namataké banjur
kesengsem marang kaéndahané wit lan
wohé mau, sing sajak prayoga dipangan
lan bisa ngolèhaké kapinteran, mulané
banjur methik woh mau, nuli dipangan.
Sing lanang diwènèhi lan iya mèlu
mangan.
7 Sanalika iku uga pikirané wong
loro mau kabukak, temahan padha
weruh yèn wuda. Mulané banjur padha
nggandhèng-nggandhèng godhong anjir
kanggo nutupi awaké.
8 Soréné bareng lan sumiliré angin,
manungsa lan sing wadon padha krungu
sebawané tindaké Gusti Allah lumampah
ana ing petamanan, nuli padha umpetan
ing antarané wit-witan, supaya ora
konangan.
9 Gusti Allah banjur nimbali manungsa,
pangandikané, "Kowé ana ing endi?"
10 Wangsulané manungsa, "Sareng
kawula mireng Panjenengan tindak

wonten ing petamanan, kawula ajrih,
mila lajeng umpetan, awit kawula wuda."
11 Gusti Allah ndangu, "Sapa kang
ngandhani kowé, yèn kowé wuda?
Apa kowé mangan wohing wit sing ora
Dakparengaké kokpangan?"
12 Aturé manungsa, "Tiyang èstri
ingkang Panjenengan paringaken dados
sisihan kawula menika ingkang nyukani
wohipun wit wau dhateng kawula, sarta
lajeng kawula tedha."
13 Gusti Allah banjur ndangu marang
wong wadon, "Apa sebabé kowé
koktumindak mengkono?" Aturé wong
wadon, "Sawer ingkang ngapusi kawula,
temahan kawula lajeng nedha."
14 Gusti Allah banjur ngandika marang
si ula, "Sarèhné kowé nglakoni kang
mengkono kuwi, mulané kowé kena
ing ipat-ipat merga penggawému. Ing
ngatasé sarupané kéwan, mung kowé
dhéwé kang nampani paukuman iki.
Wiwit saiki lakumu bakal nlosor, lan
kowé bakal mangan lebu sajegé uripmu.
15 Kowé lan wong wadon iki bakal
tansah padha memungsuhan; semono
uga turuné wong wadon iki lan turunmu.
Turuné wong wadon iki bakal ngremuk

endhasmu, lan kowé bakal ngremuk
tungkaké."
16 Gusti Allah nuli ngandika marang
wong wadon, "Aku bakal muwuhi
rekasamu sajroné kowé ngandheg,
nglarani lan nglairaké anak; éwadéné
kowé bakal tansah kepéncut marang
bojomu, mangka wong kuwi bakal
ngwasani kowé."
17 Gusti Allah nuli ngandika marang
wong lanang, "Sarèhné kowé nggugu
marang tembungé rabimu, sarta mangan
wohé wit sing ora Dakparengaké
kokpangan, mulané bumi kena ing
ipat-ipat krana kowé: Supaya kowé bisa
mangan pametuné bumi iki, sajegé urip
kowé bakal ngrekasa.
18 Bumi bakal metokaké eri lan
rerungkudan; iya pametuné kuwi sing
dadi panganmu.
19 Enggonmu mangan rejekimu
nganggo nyambut-gawé abot, nganti
tekan patimu, bali marang bumi asalmu.
Sarèhné kowé kuwi lebu, mula bakal bali
dadi lebu menèh."
20 Manungsa (Adam) awèh jeneng
marang bojoné Kawa, merga wong

wadon kuwi dadi lajering manungsa kabèh.
21 Gusti Allah banjur yasa sandhangan saka welulang dianggokaké marang Adam lan Kawa.
22 Gusti Allah nuli ngandika, "Saiki manungsa wis padha karo Kita, ngerti bab kang becik lan kang ala. Mulané saiki manungsa aja nganti methik sarta mangan wohé wit panguripan, temah urip ing selawasé."
23 Gusti Allah banjur nundhung manungsa saka petamanan Èden, kadhawuhan ngolah lemah kang dadi asalé.
24 Sawusé mengkono Gusti Allah banjur mrenahaké malaékat Kerub ing sawétané petamanan Èden, karo nggawa pedhang murub sing tansah diobat-abitaké. Kuwi kanggo njaga, supaya aja ana wong sing wani nyedhaki witing panguripan.
4 1 Adam urip bebarengan karo Kawa, somahé, temah Kawa ngandheg, lan mbabar anak lanang. Pangucapé Kawa, "Merga saka pitulunganė Gusti Allah aku duwé anak lanang." Mulané anaké mau dijenengaké Kain.

2 Sawisé kuwi Kawa mbabar anak
lanang menèh, dijenengaké Abil. Abil
dadi pangon wedhus, lan Kain dadi wong
tani.
3 Sawisé wetara mangsa Kain mau
nyaosaké kurban marang Gusti Allah
saka pametuné lemahé.
4 Déné Abil uga njupuk cempé
tembéan,[g] disembelèh lan dagingé sing
apik dhéwé kacaosaké minangka kurban
marang Gusti Allah. Gusti Allah rena
marang pisungsungé Abil,
5 nanging pisungsungé Kain ditampik,
mula Kain nepsu banget, lan ulaté
mbesengut.
6 Gusti Allah nuli ngandika marang
Kain, "Yagéné kowé nepsu? Apa sebabé
ulatmu mbesengut?
7 Menawa tumindakmu becik, mesthi
ulatmu padhang. Nanging sarèhné
tumindakmu ala, dosa wis cumepak
ana ing ngareping lawangé atimu, arep
ngwasani kowé; nanging kuwi kudu
koktelukaké."
8 Kain banjur kandha karo Abil, adhiné,
"Ayo padha menyang tegalan." Bareng

---

[g]tembéan: sepisanan.

wis tekan tegalan Abil nuli digebug sarta
dipatèni.
9 Gusti Allah nuli ndangu marang Kain,
"Abil adhimu ana ing endi?" Aturé Kain,
"Kawula mboten sumerep. Menapa
kawula menika pamomongipun adhi
kawula?"
10 Pangandikané Gusti Allah, "Yagéné
kowé koknglakoni pretingkah kang
mengkono? Getihé adhimu sesambat
marang Aku saka ing bumi, nyuwun
piwales.
11 Mulané kowé kena ing ipat-ipat lan
katundhung saka ing bumi kéné, merga
lemah iki wis mangap nadhahi getihé
adhimu nalika kokpatèni.
12 Menawa kowé nggarap lemah, ora
bakal ana pametuné. Kowé bakal ora
duwé panggonan sing tetep lan bakal
nglembara ana ing bumi."
13 Unjuké Kain marang Gusti Allah,
"Paukuman menika awrat sanget,
ngantos kawula mboten kiyat nyanggi.
14 Panjenengan sampun nundhung
kawula saking bumi ngriki, tebih saking
pengayoman Panjenengan. Kawula
badhé dados tiyang nglembara ingkang
mboten gadhah panggènan ingkang

tetep wonten ing bumi, lan sintena
kémawon ingkang mrangguli kawula
temtu badhé mejahi kawula."
15 Nanging Gusti Allah ngandika, "Ora
pisan-pisan. Menawa ana kang matèni
kowé, bakal kawales tikel ping pitu."
Kain nuli diparingi ciri[h] déning Gusti
Allah, supaya aja nganti dipatèni déning
sapa waé sing mrangguli.
16 Kain banjur mundur saka ngarsané
Gusti Allah lan manggon ing tanah Nod,
ing sawétané tanah Èden.
17 Kain lan bojoné duwé anak
lanang, dijenengaké Hénokh. Kain nuli
ngedegaké kutha dijenengaké kaya
jenengé anaké mau, yakuwi Hénokh.
18 Hénokh nurunaké Irad. Irad
nurunaké Mekhuyaèl; Mekhuyaèl
nurunaké Metusaèl, Metusaèl nurunaké
Lamèkh.
19 Lamèkh duwé bojo loro: Ada lan Zila.
20 Ada duwé anak Yabal, lan Yabal
kuwi dadi leluhuré bangsa sing ngingu
raja-kaya lan manggon ing kémah.
21 Adhiné Yabal jenengé Yubal, dadi
leluhuré para wong sing seneng
nylempung lan nyuling.

---

[h] ciri: tandha, tenger.

22 Zila nglairaké Tubal-Kain, dadi leluhuré para sayang[i] lan pandhé. Tubal-Kain duwé adhi wadon, jenengé Naamah.
23 Lamèkh kandha karo bojo-bojoné mengkéné, "Ada lan Zila, padha rungokna kandhaku! Yèn ana wong natoni aku, wong kuwi mesthi dakpatèni, semono uga yèn ana nonoman sing gawé bilurku.
24 Yèn wong matèni Kain diwales ping pitu, nanging yèn matèni aku, bakal diwales ping pitung puluh pitu."
25 Adam lan Kawa diparingi anak menèh. Pangucapé Kawa, "Gusti Allah wis maringi aku anak lanang ijolé Abil, sing dipatèni Kain." Mulané anak mau dijenengaké Sèt.
26 Sèt duwé anak lanang, dijenengaké Énos. Nalika semono wong wiwit padha manembah klawan nyebut Asmané Gusti Allah.

5 1 Iki sejarahé Adam. [Nalika Gusti Allah nitahaké Adam, kadamel nulad pasemoné Gusti Allah piyambak.

---

[i]sayang: tukang tembaga.

2 Padha katitahaké lanang lan wadon,
sarta padha diberkahi lan diarani
"manungsa".]
3 Nalika Adam umur 130 taun nuli
kaparingan anak lanang, sing rupané
mèmper karo bapakné. Anak mau
dijenengaké Sèt.
4 Sawisé kaparingan anak Sèt, Adam
isih kawuwuhan umur 800 taun, sarta
kaparingan anak lanang lan wadon,
5 lan tilar-donya nalika umur 930 taun.
6 Nalika Sèt umur 105 taun, kaparingan
anak lanang, jenengé Énos.
7 Sawisé kuwi Sèt isih kawuwuhan umur
807 taun, kaparingan anak lanang lan
wadon,
8 sarta tilar-donya nalika umur 912
taun.
9 Nalika Énos umur 90 taun kaparingan
anak lanang, jenengé Kénan.
10 Sawisé iku Énos isih kawuwuhan
umur 815 taun, kaparingan anak lanang
lan wadon,
11 lan tilar-donya nalika umur 905 taun.
12 Nalika Kénan umur 70 taun
kaparingan anak lanang, jenengé
Mahalaléèl.

13 Sawisé kuwi Kénan isih kawuwuhan
umur 840 taun, kaparingan anak lanang
lan wadon,
14 sarta tilar-donya nalika umur 910
taun.
15 Nalika Mahalaléèl umur 65 taun
kaparingan anak lanang, jenengé Yarèd.
16 Sawisé kuwi Mahalaléèl isih
kawuwuhan umur 830 taun, kaparingan
anak lanang lan wadon,
17 sarta tilar-donya nalika umur 895
taun.
18 Nalika Yarèd umur 162 taun
kaparingan anak lanang, jenengé
Hénokh.
19 Sawisé kuwi Yarèd isih kawuwuhan
umur 800 taun, kaparingan anak lanang
lan wadon,
20 sarta tilar-donya nalika umur 962
taun.
21 Nalika Hénokh umur 65 taun
kaparingan anak lanang, jenengé
Metusalah.
22 Sawisé kuwi Hénokh isih kawuwuhan
umur 300 taun, kaparingan anak lanang
lan wadon.
23 Umuré Hénokh nyandhak 365 taun.

24 Hénokh uripé tansah tetunggilan karo
Gusti Allah. Dumadakan Hénokh ilang,
merga kapulung déning Panjenengané.
25 Nalika Metusalah umur 187 taun
kaparingan anak lanang, jenengé
Lamèkh.
26 Sawisé kuwi Metusalah isih
kawuwuhan umur 782 taun, kaparingan
anak lanang lan wadon,
27 sarta tilar-donya nalika umur 969
taun.
28 Nalika Lamèkh umur 182 taun
kaparingan anak lanang.
29 Pangucapé Lamèkh, "Bocah iki bakal
ngluwari kita saka pegawéan kita sing
abot, yakuwi nggarap lemah sing wis
dibendoni[j] déning Gusti Allah." Mulané
anaké dijenengaké Nuh.
30 Sawisé kuwi isih kawuwuhan umur
595 taun, kaparingan anak lanang lan
wadon,
31 sarta tilar-donya nalika umur 777
taun.
32 Nalika Nuh umur 500 taun kaparingan
anak lanang telu, yakuwi Sèm, Kham lan
Yafèt.

---

[j]dibendoni: dipun ukum.

6

1 Manungsa sangsaya akèh,
sumebar ing bumi, lan duwé anak
wadon-wadon.
2 Para putrané Allah bareng weruh yèn
anak-anaké wadon para manungsa mau
padha ayu-ayu, endi sing disenengi nuli
dipèk bojo.
3 Gusti Allah banjur ngandika, "Roh-Ku
ora bakal selawasé nunggil karo
manungsa, sing uripé mung nuruti
hawa-nepsuning daging. Manungsa
mesthi mati. Umuré ora bakal luwih saka
120 taun."
4 Wiwit nalika semono ing bumi ana
wong-wong sing dedegé gedhé dhuwur
gagah prakosa, yakuwi anak-turuné
para wong wadon anaké manungsa,
sing kawin karo para putrané Allah.
Wong-wong prakosa mau para perwira
ing jaman kuna, sing kondhang jenengé.
5 Bareng Gusti Allah pirsa gedhéning
durakané manungsa ing bumi, lan
saobah-isiking atiné selawasé ala waé,
6 ing kono Gusti Allah keduwung
enggoné nitahaké manungsa ana ing
bumi. Gusti Allah cuwa ing penggalih,
7 nganti ngandika, "Manungsa kang
Daktitahaké bakal Daktumpes saka

lumahing bumi, semono uga sakèhé
kéwan lan sarupaning manuk, merga
Aku keduwung marang apa kang wis
Daktitahaké."
8 Mung Nuh sing gawé renaning
penggalihé Allah.
9 Iki critané Nuh. Nuh kuwi wong
mursid, tanpa cacad ana ing antarané
wong-wong ing jaman semono. Uripé
Nuh tansah tetunggilan karo Gusti Allah.
10 Nuh duwé anak lanang telu, jenengé:
Sèm, Kham lan Yafèt.
11 Nanging wong liya-liyané mau ala
ana ing pamirsané Allah. Ing endi-endi
anané mung panganiaya.
12 Gusti Allah pirsa yèn bumi wis dadi
ala babar-pisan, awit manungsa kabèh
uripé kebak piala.
13 Gusti Allah nuli ngandika marang
Nuh, "Aku wis gawé putusan mungkasi
uripé manungsa kabèh, arep Daktumpes
babar-pisan, merga bumi wis kebak
panganiaya.
14 Kowé gawéa prau; gawénen saka
kayu gofèr, kayu sing sentosa. Ing
njeroné prau gawénen singgetan-
singgetan, ing njero lan ing njabané
usarana lenga kenthel.

15 Gawénen dawané 133 mèter, ambané
22 mèter, lan dhuwuré 13 mèter.
16 Prau mau gawèkna payon, lan ing
antarané payon lan sisihé prau kudu
ana lowongan 44 sèntimèter. Prau
kuwi gawénen tundha telu. Lawangé
pasangen ing lambungé.
17 Aku bakal nekakaké banjir gedhé sing
ngelebi bumi, kanggo numpes sarupané
tumitah sing urip. Sakèhé tumitah sing
ana ing bumi mesthi bakal mati.
18 Nanging Aku kersa gawé prejanjian
karo kowé. Mlebua ing prau, kowé
lan anak-anakmu, bojomu lan bojoné
anak-anakmu.
19 Iya nggawaa mlebu sarupané bangsa
kéwan, saben jinis nyejodho, supaya
padha urip bareng karo kowé.
20 Sawernané anaa sing lanang lan sing
wadon. Bangsa manuk werna-werna,
bangsa kéwan nusoni werna-werna,
apa déné sakèhé bangsa kéwan
rumangkang, nlosor lan gumremet ana
ing bumi werna-werna; saben jinisé
bakal ana sejodho nekani kowé, supaya
lestaria urip.

21 Semono uga nggawaa sarupaning pangan kanggo kowé lan kanggo kéwan-kéwan mau."

22 Nuh nindakaké sakèhing dhawuhé Gusti Allah.

7 1 Gusti Allah nuli ngandika marang Nuh, "Kowé lan sabrayatmu kabèh padha mlebua ing prau, awit Daktingali mung kowé dhéwé kang mbangun-turut marang dhawuh-Ku.

2 Nggawaa saben jinisé kéwan sing kalal mitung jodho, lan saben jinis kéwan sing ora kalal nyejodho.

3 Iya nggawaa saben jinis manuk mitung jodho, supaya saben jinis kéwan lan manuk ora katut kasirnakaké, bisaa tangkar-tumangkar menèh ana ing bumi.

4 Pitung dina engkas Aku bakal nekakaké udan deres nganti patang puluh dina lawasé, supaya sakèhing titah sing urip mati kabèh."

5 Nuh nuli ngèstokaké apa sadhawuhé Gusti Allah.

6 Nalika banjir patopan[k] ngelebi bumi mau Nuh umur 600 taun.

---

[k]patopan: bandhang, ageng.

7 Nuh lan bojoné, anak-anaké lan para
mantuné wadon padha mlebu kabèh ana
ing prau, ngoncati banjir patopan.
8 Kéwan sing kalal lan kéwan sing ora
kalal, apa déné manuk lan sedhéngah
titah sing duwé nyawa,
9 padha nekani marang Nuh, mlebu ing
prau nyejodho, kaya sing dadi dhawuhé
Allah marang Nuh.
10 Kecrita sawisé pitung dina mau,
banjiré patopan ngelebi bumi.
11 Nalika Nuh umur 600 taun, ing sasi
kapindho tanggalé ping pitulas, nuju
ing dina kuwi sakèhé sumbering segara
sing ana ing sangisoring bumi padha
bedhah, lan lawanging langit padha
kawengakaké,
12 temah udan deres kaesokaké ing
bumi lawasé nganti patang puluh dina
patang puluh bengi.
13 Bareng sedina iku uga Nuh mlebu ing
prau bebarengan karo anak-anaké: Sèm,
Kham lan Yafèt, mengkono uga bojoné
Nuh lan para anak-mantuné wadon telu
iya padha mèlu.
14 Bareng karo Nuh mau iya padha
mèlu mlebu prau, saben jinis kéwan

ingon-ingon lan kéwan alasan, gedhé
cilik, apa menèh saben jinis manuk,
15 saben jinis nyejodho-nyejodho,
16 kaya sing dadi dhawuhé Gusti Allah
marang Nuh. Sawisé mengkono Gusti
Allah piyambak nginebaké lawangé prau.
17 Banjir patopan mau saya mundhak
gedhé, nganti patang puluh dina lawasé,
ngelebi bumi,
18 temah prauné kaangkat, kumambang
ana ing sandhuwuré banyu.
19 Banyuné tansah mundhak dhuwur,
temah nutupi sakèhing gunung sing
dhuwur-dhuwur, malah iya sing dhuwur
dhéwé pisan.
20 Enggoné mundhak-mundhak dhuwur
mau nganti tekan pitung mèter
sandhuwuré pucaké gunung-gunung
mau.
21 Saben titah sing ana ing bumi padha
mati; manuk, kéwan lan manungsa.
22 Sakèhing makluk sing ambekan
padha mati.
23 Kaya mengkono enggoné Gusti Allah
numpes sakèhing tumitah ing bumi:
manungsa, kéwan lan manuk; mung kari
Nuh lan kabèh sing bebarengan karo
Nuh ana ing prau mau.

24 Banjir patopan mau ora surud-surud,
suwéné nganti satus sèket dina.

8 1 Gusti Allah nuli ngèngeti marang
Nuh lan marang sakèhing kéwan sing
padha mèlu ana ing prau. Mulané banjur
nekakaké angin ana ing bumi, temah
banyuné wiwit surud.
2 Karo déné sumbering segara ing
sangisoring bumi lan lawanging langit
kabèh padha kapepetan, udané deres
banjur terang.
3 Banyuné nuli surud sajroné satus
sèket dina.
4 Wasana nalika sasi kapitu tanggalé
ping pitulas prauné kandhas ana ing
pegunungan tanah Ararat.
5 Banyuné sangsaya surud nganti tekan
sasi kasepuluh. Nalika tanggal siji sasi
kasepuluh pucak-pucaké gunung-gunung
wiwit padha katon.
6 Sawisé patang puluh dina, Nuh banjur
ngengakaké jendhélané prau,
7 lan ngeculaké manuk gagak.
Manuk mau ora bali, nanging mabur
mrana-mréné nganti banyuné asat
babar-pisan.

8 Sawisé mengkono Nuh ngeculaké
manuk dara, arep meruhi apa banyuné
wis surud temenan.
9 Nanging sarèhné banyuné isih nutupi
salumahé bumi, manuk dara mau ora
olèh péncokan, mulané mbalèni Nuh
menyang prau. Nuh banjur ngegaraké
tangané, darané dicekel lan dilebokaké
menèh ing prau.
10 Nuh nuli ngentèni pitung dina engkas,
banjur darané dieculaké menèh.
11 Bareng wayah soré dara mau teka,
cucuké nggondhol godhong zaitun
sing isih seger, mulané Nuh ngerti yèn
banyuné wis surud.
12 Sawisé kuwi Nuh ngentèni menèh
pitung dina lawasé. Nuli daranè dieculaké
menèh. Dara mau ora bali menèh.
13 Nalika Nuh umur 601 taun, tanggal
siji sasi kapisan, banyuné wis surud
babar-pisan. Nuh nuli mbukak payoné
prau, sarta ngawasaké kiwa-tengené.
Lemahé wis katon asat.
14 Nalika tanggal pitulikur sasi sing
kapindho, bumi wis garing temenan.
15 Gusti Allah banjur ngandika marang
Nuh,

16 "Padha metua saka prau, kowé,
bojomu, anak-anakmu lan para anak
mantumu.
17 Semono uga sarupané manuk lan
kéwan, supaya padha bebranahan lan
tangkar-tumangkar ngambra-ambra ana
ing bumi."
18 Nuh banjur metu saka ing prau,
bebarengan karo bojoné, anak-anaké lan
para anak mantuné.
19 Sarupané kéwan lan manuk nuli
padha metu saka ing prau, sapantha-
sapantha manut jinisé.
20 Nuh banjur yasa mesbèh konjuk
marang Gusti Allah; nuli njupuk saka
panunggalané jinis kéwan lan manuk
sing kalal, dicaosaké dadi kurban obaran
ana ing mesbèh mau.
21 Ganda arum sing sumebar saka
kurban obaran mau gawé renaning
penggalihé Gusti Allah. Panjenengané
nuli ngandika mengkéné, "Ing sebanjuré
Aku ora bakal nyepatani bumi iki merga
penggawéné manungsa, sing obah-osiké
atiné ala wiwit cilik mula. Aku wis ora
bakal numpes menèh sarupané titah
kang urip kaya kang wus Daktindakaké.

22 Selawasé mesthi bakal ora kendhat
ana mangsa nyebar lan mangsa panèn,
mangsa atis lan mangsa panas, ketiga
lan rendheng, rina lan wengi."

9 1 Gusti Allah mberkahi Nuh lan
anak-anaké, pangandikané, "Padha
bebranahana lan tangkar-tumangkara
sarta ngebakana bumi.
2 Sarupané kéwan ing bumi lan
sarupané manuk sarta iwak bakal wedi
lan giris marang kowé. Kéwan-kéwan
mau kabèh wis kapasrahaké marang
kowé.
3 Lah kabèh iki kena kokpangan,
padha kaya tetuwuhan ijo; kabèh mau
dipasrahaké supaya dadi panganmu.
4 Mung daging kang isih ana nyawané,
yakuwi daging sing isih ana getihé,
kuwi aja kokpangan, awit nyawa kuwi
dunungé ana ing getih.
5 Sapa sing matèni manungsa bakal
kaukum. Aku bakal ngukum pati
marang sarupaning kéwan sing matèni
manungsa.
6 Sing sapa matèni manungsa, bakal
dipatèni déning manungsa, awit
manungsa katitahaké nulad gambaré
Gusti Allah.

7 Ana déné kowé padha bebranahana
lan tangkar-tumangkara, supaya anak
putumu ngambra-ambra ngebaki bumi."
8 Karo menèh Gusti Allah ngandika
marang Nuh lan anak-anaké,
9 "Saiki Aku arep gawé prejanjian karo
kowé lan turunmu ing sapungkurmu,
10 lan karo sadhéngaha titah sing urip,
yakuwi sarupané manuk, sarupané
kéwan sing mèlu kowé metu saka ing
prau.
11 Aku gawé prejanjian karo kowé, yèn
ing sebanjuré Aku ora bakal numpes
sakèhing nyawa kang urip srana keleban
ing banyu.
12 Minangka pretandhané prejanjian
kang Daktetepaké selawas-lawasé ing
antara-Ku karo kowé, sarta sarupaning
nyawa urip kang mèlu kowé,
13 Aku bakal mrenahaké kluwung ana
ing mendhung. Kluwung mau bakal dadi
pretandhané prejanjian ing antarané Aku
karo bumi.
14 Samangsa-mangsa Aku ngumpulaké
mendhung ing sandhuwuré bumi,
mangka kluwungé banjur katon ana ing
kono,

15 Aku mesthi bakal ngèngeti ing
prejanjian-Ku karo kowé lan karo
sarupaning nyawa urip, temah ora bakal
ana banjir patopan menèh kang numpes
sarupaning titah kang urip.
16 Samangsa ing mendhung ana
kluwung, bakal Dakpandeng supaya
ngèngeti ing Prejanjian langgeng ing
antarané Allah karo sedhéngah nyawa
urip kang ana ing bumi.
17 Iku pretandhané prejanjian kang
Dakgawé ing antarané Aku karo
sarupané titah urip kang ana ing bumi."
18 Anak-anaké Nuh sing padha metu
saka ing prau yakuwi: Sèm, Kham
lan Yafèt. (Déné Kham kuwi bapakné
Kenaan.)
19 Anaké Nuh telu-teluné mau dadi
leluhuré wong sadonya.
20 Nuh kuwi wong tani. Iya sing wiwitan
dhéwé gawé kebon anggur.
21 Bareng ngombé anggguré, Nuh nuli
mendem, nguculi sandhangané kabèh,
banjur turu ana ing kémahé.
22 Nalika Kham, bapakné Kenaan,
weruh kaya mengkono, banjur crita karo
seduluré loro sing ana ing njaba.

23 Sèm lan Yafèt nuli njupuk jubahé
bapakné, kasampiraké ing pundhak
lan karo mlaku mungkur nutupi awaké
Nuh, temahan ora weruh kawiranganė
bapakné.
24 Bareng Nuh mari enggoné mendem,
lan krungu apa sing dadi penggawéné
Kham, anaké sing ragil,
25 banjur ngandika, "Kenaa ing ipat-
ipat si Kenaan! dadia baturé-baturé
sedulur-seduluré.
26 Pinujia Allahé Sèm! Kenaan bakal
dadi baturé Sèm.
27 Allah maringana ombèr[l] marang
Yafèt, karebèn manggon bebarengan
karo turuné Sèm. Déné Kenaan kuwi
bakal dadi baturé Yafèt!"
28 Sawisé banjir patopan Nuh isih
ginanjar umur telung atus sèket taun.
29 Nalika tilar-donya umuré Nuh 950
taun.

10 1 Iki tedhak-turuné anak-anaké
Nuh: Sèm, Kham lan Yafèt.
Sawisé banjir patopan telu-teluné padha
kaparingan anak-anak lanang.
2 Turuné Yafèt yaiku: Gomèr, Magog,
Madai, Yawan, Tubal, Mèsèkh lan Tiras.

---

[l]ombèr: longgar.

Kuwi padha dadi leluhuré bangsa-bangsa
kang disebut kaya jenengé wong-wong
mau.
3 Turuné Gomèr yakuwi bangsa-bangsa
Askenas, Rifat lan Togarma.
4 Turuné Yawan yakuwi bangsa-bangsa:
Élisa, Spanyol, Siprus lan Rodhès.
5 Bangsa-bangsa mau padha manggon
ing sauruting pesisir lan ing pulo-pulo.
Kabèh kuwi turuné Yafèt, sing padha
manggon miturut taleré ing tanahé
dhéwé-dhéwé, migunakaké basané
dhéwé-dhéwé.
6 Turuné Kham yakuwi: Kus, Mesir, Libia
lan Kenaan. Padha dadi bangsa-bangsa
sing jenengé kaya jenengé wong-wong
sing nurunaké mau.
7 Turuné Kus yakuwi bangsa Séba,
Hawila, Sabta, Raéma, lan Sabteka.
Turuné Raéma yakuwi bangsa-bangsa
Syéba lan Dédan.
8 Kus duwé anak lanang jenengé
Nimrod. Nimrod mau dadi ratu sing
wiwitan ing bumi.
9 Merga pitulungané Gusti Allah, Nimrod
dadi juru-mbebedhag sing peng-pengan,
nganti ana pocapan mengkéné, "Muga-

muga Gusti Allah mberkahi kowé kaya
Nimrod."
10 Ing wiwitan, kratoné Nimrod mengku
kutha-kutha Babil, Érèkh lan Akad,
telu-teluné ana ing tanah Babilonia.
11 Saka kono Nimrod ngelar jajahané
tekan Asyur, banjur ngedegaké
kutha-kutha Ninewé, Réhobot-Ir, Kalah,
12 lan Résèn, kang dunungé ing
antarané Ninewé lan kutha gedhé Kalah.
13 Turuné Mesir yakuwi bangsa-bangsa
Lidhia, Anamim, Lehabim, Naftukhim,
14 Patrusim, Kaslukhim, lan Kaftorim,
yakuwi leluhuré bangsa Filistin.
15 Anaké lanang Kenaan sing mbarep
jenengé Sidon, banjur Hèt, padha dadi
leluhuré bangsa-bangsa sing jenengé
disebut miturut jenengé para leluhuré
mau.
16 Kenaan uga dadi leluhuré bangsa-
bangsa Yébusi, bangsa Amori lan bangsa
Girgasi,
17 bangsa Hèwi, bangsa Arki, bangsa
Sini,
18 bangsa Arwadi lan bangsa Semari,
sarta bangsa Hamati. Taler-taleré bangsa
Kenaan mau sumebar tekan endi-endi,

19 temah tapel watesé bangsa Kenaan
kuwi wiwit saka ing Sidon, ing peneré
Gérar tutug ing Gaza, lan mengétan
ing peneré Sodom, Gomora, Admah lan
Zéboim, cedhaké Lasa.
20 Kuwi mau padha turuné Kham, sing
padha manggon manut taleré ing tanahé
dhéwé-dhéwé, lan padha migunakaké
basané dhéwé-dhéwé.
21 Déné Sèm, kakangné Yafèt, kuwi
leluhuré bangsa Ibrani.
22 Anak-anaké Sèm sing lanang yakuwi
Élam, Asyur, Arpakhsad, Lud lan Aram,
dadi para leluhuré bangsa-bangsa sing
jenengé kaya jenengé para leluhuré
mau.
23 Turuné Aram yakuwi bangsa-bangsa
Us, Hul, Gètèr lan Mas.
24 Arpakhsad nurunaké Sélah, lan Sélah
nurunaké Ébèr.
25 Ébèr duwé anak lanang loro. Sing siji
jenengé Pèlèg, awit nalika semono bumi
kapérang-pérang. Anak sing kapindho
jenengé Yoktan.
26 Yoktan dadi leluhuré bangsa-bangsa:
Almodad, Sèlèf, Hazar-Mawèt lan Yérah,
27 Hadoram, Uzal lan Diklah,
28 Obal, Abimaèl lan Syéba,

29 Ofir, Hawila lan Yobab. Kuwi mau
kabèh padha turuné Yoktan.
30 Tanah sing dienggoni wiwit saka Mésa
tekan Séfar, yakuwi tanah pegunungan
ing sisih Wétan.
31 Kabèh mau turuné Sèm, sing padha
manggon ing tanahé dhéwé-dhéwé
manut taleré, lan nganggo basané
dhéwé-dhéwé.
32 Bangsa-bangsa mau kabèh padha
turuné Nuh, miturut sarasilahé
dhéwé-dhéwé; pemanggoné padha
pencar-pencar; yakuwi sabubaré banjir
patopan.

11 1 Biyèn-biyèné bangsa-bangsa
ing salumahé bumi kuwi basané
mung siji lan tembung-tembungé padha.
2 Kecrita nalika padha nglembara
mengétan, nuli padha tekan panggonan
lempar ing tanah Babilonia, banjur
padha manggon ana ing kono.
3 Wong-wong mau padha saiyeg kandha
mengkéné, "Ayo padha gawé bata lan
diobong karebèn atos." Batané dienggo
mbangun, déné sing dienggo nglépa tir
kenthel.
4 Kandhané menèh, "Ayo saiki kita
padha mbangun kutha nganggo menara

sing dhuwuré sundhul langit. Mengko
kita rak dadi wong misuwur, lan ora
padha pating slebar."
5 Gusti Allah nuli tedhak mirsani kutha
lan menara sing lagi digarap wong-wong
mau,
6 pangandikané, "Wong-wong iki padha
tunggal bangsa lan tunggal basa.
Mangka iki lagi wiwitaning réka-rékané.
Suwé-suwé rak ora kena dipenggak
karepé.
7 Mula ayo padha dikisruhaké basané,
supaya siji lan sijiné padha déné ora
ngerti karepé."
8 Mengkono enggoné Gusti Allah
mbuyaraké wong-wong mau saka ing
kono menyang salumahé bumi, nganti
wurung enggoné ngedegaké kutha.
9 Mulané kutha mau diarani Babil,
merga ana ing kono Gusti Allah
ngisruhaké basané wong sing padha
manggon ana ing bumi, lan saka ing
kono dibuyaraké tekan ngendi-endi.
10 Iki tedhak-turuné Sèm. Rong taun
sawisé banjir patopan, nalika Sèm umur
100 taun, kaparingan anak lanang,
jenengé Arpakhsad.

11 Sawisé kuwi Sèm isih kawuwuhan
umur 500 taun, lan kaparingan anak
liya-liyané.
12 Nalika Arpakhsad umur 35 taun,
kaparingan anak lanang, jenengé Sélah.
13 Sawisé kuwi Arpakhsad isih
kawuwuhan umur 403 taun, lan
kaparingan anak liya-liyané.
14 Nalika Sélah umur 30 taun,
kaparingan anak lanang, jenengé Ébèr.
15 Sawisé kuwi Sélah isih kawuwuhan
umur 403 taun, lan kaparingan anak
liya-liyané.
16 Nalika Ébèr umur 34 taun, kaparingan
anak lanang, jenengé Pèlèg.
17 Sawisé kuwi Ébèr isih kawuwuhan
umur 430 taun, lan kaparingan anak
liya-liyané.
18 Nalika Pèlèg umur 30 taun,
kaparingan anak lanang, jenengé Réhu.
19 Sawisé kuwi Pèlèg isih kawuwuhan
umur 209 taun, lan kaparingan anak
liya-liyané.
20 Nalika Réhu umur 32 taun,
kaparingan anak lanang, jenengé Sérug.
21 Sawisé kuwi Réhu isih kawuwuhan
umur 207 taun, lan kaparingan anak
liya-liyané.

22 Nalika Sérug umur 30 taun,
kaparingan anak lanang, jenengé Nahor.
23 Sawisé kuwi Sérug isih kawuwuhan
umur 200 taun, lan kaparingan anak
liya-liyané.
24 Nalika Nahor umur 29 taun,
kaparingan anak lanang, jenengé Térah.
25 Sawisé kuwi Nahor isih kawuwuhan
umur 119 taun, lan kaparingan anak
liya-liyané.
26 Sawisé Térah umur 70 taun,
kaparingan anak lanang telu, yakuwi
Abram, Nahor lan Haran.
27 Iki tedhak-turuné Térah: Térah duwé
anak Abram, Nahor lan Haran. Haran
duwé anak lanang Lot.
28 Haran mati ing kutha kelairané,
yakuwi Ur ing tanah Babilonia. Nalika
semono bapakné isih urip.
29 Abram kawin karo Sarai, lan Nahor
karo Milka, anaké Haran. Haran duwé
anak lanang liyané, jenengé Yiska.
30 Déné Sarai kuwi gabug, ora duwé
anak.
31 Térah ngajak Abram, anaké. Lot,
putuné, lan Sarai, mantuné, bojoné
Abram, lunga saka ing kutha Ur ing
tanah Babilonia, menyang tanah Kenaan.

Nanging bareng tekan ing Haran, banjur
padha manggon ana ing kono.
32 Térah mati ana ing Haran kono;
umuré 205 taun.

12 1 Gusti Allah ngandika marang
Abram, "Kowé lungaa! Negaramu,
bangsamu lan omahé bapakmu
tinggalen. Kowé mangkata menyang
negara sing bakal Daktedahaké marang
kowé.
2 Kowé bakal Dakdadèkaké bangsa
gedhé, bakal Dakberkahi lan jenengmu
Dakgawé misuwur. Karo menèh kowé
bakal dadi marganing berkah kanggo
wong akèh.
3 Sing sapa mberkahi kowé bakal
genti Dakberkahi, nanging sing sapa
nyupatani kowé bakal genti Daksupatani;
lan merga kowé sakèhing bangsa ing
bumi bakal binerkahan."
4 Abram budhal, ngèstokaké dhawuhé
Gusti Allah. Lot mèlu. Nalika budhal saka
Haran, Abram umuré pitung puluh lima
taun.
5 Abram mboyong Sarai, bojoné, karo
Lot, keponakané, sarta barang-darbèké
kabèh, karo réwang-réwangé enggoné
olèh ana ing Haran, digawa menyang

tanah Kenaan. Bareng wis tekan ing
kono,
6 Abram banjur ndlajahi tanah mau
nganti tekan ing kutha Sikèm, ing
papan pangibadah sing ana wit-witané,
sacedhaké Morèh. Nalika semono tanah
mau isih dienggoni wong Kenaan.
7 Ana ing kono Gusti Allah ngetingal,
sarta Abram dingandikani mengkéné,
"Tanah iki bakal Dakparingaké marang
tedhak-turunmu." Abram nuli ngedegaké
mesbèh konjuk marang Allah, kang
ngetingal mau.
8 Sawisé kuwi Abram nuli nerusaké
lakuné mengidul menyang pegunungan,
sawétané kutha Bètèl, lan masang
kémah ing antarané kutha Bètèl lan
kutha Ai. Bètèl mono ana ing sisih Kulon,
déné Ai ing sisih Wétan. Ana ing kono
Abram uga ngedegaké mesbèh konjuk
marang Allah, sarta memuja nyebut
Asmané Allah.
9 Sawisé mengkono Abram nuli budhal
menèh, pindhah saka panggonan siji
menyang sijiné, ngener tanah Kenaan
sisih Kidul.

10 Kocapa bareng ing tanah Kenaan
kono ana pailan[m] gedhé, Abram nuli
budhal menyang tanah Mesir, lan
manggon ana ing kono nganti sawetara
mangsa.
11 Nalika arep mlebu ing tanah Mesir,
Abram kandha karo Sarai, bojoné,
"Rupamu kuwi ayu.
12 Samasa wong Mesir weruh rupamu,
sarta padha ngarani yèn kowé kuwi
bojoku, aku mesthi bakal dipatèni lan
kowé diuripi.
13 Mulané beciké ngakua yèn kowé
adhiku wadon, supaya aku ora dipatèni
merga saka kowé, lan direngkuh becik."
14 Temenan, bareng Abram tekan tanah
Mesir, wong Mesir weruh yèn Sarai kuwi
ayu banget.
15 Bareng ana abdiné Sang Pringon[n]
sawetara sing iya weruh, nuli ngaturi
pirsa Sang Prabu lan matur yèn Sarai
kuwi ayuné ora ana sing nandhingi,
temahan Sarai banjur diboyong déning
Sang Prabu menyang kedhaton.

---

[m]pailan: awis tedha.

[n]Sang Pringon: julukanipun ratu ing tanah Mesir.

16 Krana saka Sarai, Abram direngkuh
becik déning Sang Pringon, sarta
kaparingan wedhus, sapi, kuldi lanang-
wadon, unta, sarta batur-tukon lanang
lan wadon.
17 Nanging Gusti Allah nekakaké
kasangsaran marang Sang Pringon lan
wong sakedhaton kabèh merga saka
Sarai, bojoné Abram mau.
18 Sang Pringon nuli nimbali Abram,
sarta ngandika, "Kokmengkono
tumindakmu marang aku? Yagéné kowé
kokora matur yèn Sarai kuwi bojomu?
19 Yagéné kokakokaké sedulurmu
wadon, nganti banjur dakpundhut
garwa? Wis, iki bojomu, gawanen
lunga!"
20 Sang Pringon nuli dhawuh marang
para abdiné ngeteraké Abram tekan
ing tapel wates. Abram lan bojoné
padha budhal nggawa sabarang-darbèké
kabèh.

13 1 Abram lan bojoné nuli budhal
saka tanah Mesir, nggawa
sabarang-darbèké kabèh, bali menyang
tanah Kenaan sisih Kidul. Lot iya mèlu.

2 Abram dadi wong sugih. Ingon-ingoné
akèh banget, mengkono uga duwé slaka
lan emas sapirang-pirang.
3 Enggoné manggon ngalih-ngalih,
nganti tekan cedhak kutha Bètèl, papan
sing biyèn tau dienggoni,
4 yakuwi ana ing antarané Bètèl lan Ai,
sing biyèn tau diedegi mesbèh. Abram
banjur memuja marang Gusti Allah karo
nyebut Asmané.
5 Kocapa Lot sing ngetutaké Abram,
iya duwé brayat, batur-tukon, sarta
ingon-ingon wedhus lan sapi akèh.
6 Mangka papan kono ora cukup yèn
dienggoni bebarengan, temahan saka
akèhé ingon-ingoné, wong loro mau
padha ora bisa nunggal sapangonan.
7 Pangoné Abram karo pangoné Lot
banjur padha tukaran. Kejaba kuwi
papan kono iya dienggoni déning bangsa
Kenaan lan bangsa Fèris.
8 Abram nuli kandha karo Lot, "Aku lan
kowé rak padha sedulur. Yèn aku lan
kowé nganti padha padu, kuwi ora becik;
semono uga pangonku lan pangonmu.
Tanah sanegara iki rak isih jembar.
9 Mulané beciké aku lan kowé padha
pepisahan waé; yèn kowé ngiwa, aku

daknengen; yèn kowé nengen, aku
dakngiwa."
10 Lot mawas yèn tanah ngaré sakiwa-
tengené Kali Yardèn nganti tekan kutha
Zoar kuwi kabèh loh banget. Kaéndahané
tanah kono kaya petamananané Allah
utawa kaya tanah Mesir. (Nalika semono
Sodom lan Gomora durung karusak
déning Gusti Allah.)
11 Dadiné Lot milih tanah ngaré sauruté
Kali Yardèn mau kabèh dadi duwèké,
banjur budhal mengétan. Mengkono
Abram lan Lot padha pepisahan.
12 Abram tetep manggon ana ing tanah
Kenaan, sarta Lot ngenggoni tanah
ngaré sauruté Kali Yardèn lan nancebaké
kémahé cedhak karo kutha Sodom.
13 Déné wong Sodom kuwi kalakuané
ala banget lan dosané sundhul langit.
14 Sawisé Lot misah, Gusti Allah
ngandika marang Abram, "Ngadega,
ndelenga mengalor lan mengidul,
mengétan lan mengulon.
15 Tanah sing kokdeleng kuwi kabèh
bakal Dakparingaké marang kowé lan
turunmu, sarta bakal dadi duwèké
turunmu ing selawas-lawasé.

16 Turunmu bakal Dakgawé akèh
banget, nganti ora kena diétung, awit
kaananané kaya déné lebuning bumi.
17 Saiki lungaa, tanah iki dlajahana
sepira dawa lan ambané, awit tanah iki
bakal Dakparingaké marang kowé."
18 Sawisé mengkono Abram nuli
mbedhol kémahé, banjur manggon ing
sacedhaké wit-witan ing kutha Mamré,
ora adoh saka Hébron. Ing kono Abram
banjur ngedegaké mesbèh konjuk
marang Gusti Allah.

14 1 Kecrita ana raja papat, yakuwi:
Amrafèl, raja ing Babilonia.
Ariokh, raja ing Èlasar, Kédorlaomèr, raja
ing Élam, lan Tidhéal, raja ing Goyim,
2 nglurug perang nglawan marang
raja lima liyané, yakuwi: Béra, raja ing
Sodom, Birsia, raja ing Gomora, Syinab,
raja ing Admah, Syèmébèr, raja ing
Zéboim, lan ratu ing Béla (utawa Zoar).
3 Raja lima mau padha sekuthon.[o]
Tentarané padha diklumpukaké ana ing
Lebak Sidim, kang saiki disebut Segara
Mati.
4 Rolas taun lawasé negarané raja lima
kuwi dijajah déning Raja Kédorlaomèr,

---

[o]sekuthon: bersekutu (bhs. Ind.).

nanging bareng telulas tauné raja lima
mau banjur padha brontak.
5 Ing taun ping patbelasé Kédorlaomèr
sakancané lan tentarané padha nglurug
numpes bangsa Réfaim ing Asytérot-
Karnaim, bangsa Zuzim ing Ham, bangsa
Émim ing Syawé-Kiryataim,
6 lan bangsa Hori ing pegunungan
Édom, banjur dioyak nganti tekan
Èlparam, ing sapinggiré segara wedhi.
7 Sabaliné Kédorlaomèr sakancané nuli
njujug kutha Kadès, sing nalika semono
karan Èn-Mispat, lan ngobrak-abrik
tanahé wong Amalèk, sarta nelukaké
wong Amori, kang manggon ing
Hazazon-Tamar.
8 Kecrita raja ing Sodom, raja ing
Gomora, raja ing Admah, raja ing
Zéboim lan raja ing Béla nata tentarané
ana ing Lebak Sidim,
9 nuli perang mungsuh Kédorlaomèr,
raja ing Élam, Tidhéal, raja ing Goyim,
Amrafèl, raja ing Babil, lan Ariokh, raja
ing Èlasar, raja papat lawanan lima.
10 Lebak ing Sidim kuwi kebak sumur
aspal. Nalika raja Sodom lan raja Gomora
padha keplayu, banjur kacemplung ana

ing kono. Raja-raja liya-liyané padha
ngungsi menyang ing pegunungan.
11 Raja papat sing padha menang
perangé, njarah-rayah sakèhé barang-
darbèké wong Sodom lan Gomora, sarta
tandhoné pangan kabèh, nuli padha
lunga.
12 Déné Lot, keponakané Abram
kang manggon ing Sodom, uga katut
dibandhang, semono uga sabarang-
darbèké kabèh.
13 Mung ana wong siji sing bisa oncat,
lan nglapuraké lelakon kuwi kabèh
marang Abram, wong Ibrani. Abram
mau manggon ing sacedhaké wit-witan,
papan pangibadah duwèké Mamré, wong
Amori. Mamré saseduluré, yakuwi Éskol
lan Anèr, kuwi kanca sekuthoné Abram.
14 Bareng Abram krungu yèn
keponakané dibandhang, banjur
nglumpukaké baturé sing pinter perang,
cacahé 318, diajak budhal ngoyak
mungsuh nganti tekan kutha Dhan.
15 Balané Abram mau nuli dipantha-
pantha lan dikon nggropyok mungsuh
ing wayah bengi. Mungsuhé kalah,
banjur dioyak nganti tekan ing Hobah,
saloré kutha Damsyik.

16 Sakèhé raja-brana sing digawa
mungsuh kena direbut menèh, semono
uga Lot lan barang-darbèké, apa déné
wong-wong lan prejurit-prejurit sing
dibandhang mungsuh.
17 Saulihé saka perang karo
Kédorlaomèr sarta raja-raja sing
mbiyantu, Abram dipethuk déning raja
Sodom ing Lebak Syawé (sing uga karan
Lebak Raja).
18 Mèlkisèdèk, Raja Salèm, imaming
Allah Kang Mahaluhur, ngasta roti lan
anggur kanggo Abram,
19 nuli mberkahi Abram mengkéné,
"Gusti Allah, ingkang Mahaluhur, ingkang
nitahaken langit lan bumi mugi-mugi
mberkahi panjenengan!
20 Kamulyakna Allah, ingkang
Mahaluhur, ingkang sampun nelukaken
mengsah-mengsah panjenengan."
Sawisé kuwi Abram banjur ngaturaké
saprasepuluhé barang rayahané[p] marang
Mèlkisèdèk.
21 Raja ing Sodom banjur ngandika
marang Abram, "Barang-barang rayahan
menika sedaya mugi panjenengan

---

[p]rayahan: rampasan.

pundhut, kula namung nedha wangsul
tiyang-tiyang kula."
22 Nanging Abram mangsuli, "Kula
sumpah ing ngarsanipun Allah, ingkang
Mahaluhur, ingkang nitahaken langit lan
bumi,
23 bilih kula mboten badhé mendhet
menapa-menapa saking kagungan
panjenengan, dadosa namung benang
saeler kémawon, utawi tangsuling
trumpah, supados panjenengan
mbénjing mboten ngandika, ‘Aku kang
nyugihaké Abram.’
24 Menggah kula piyambak mboten
badhé mendhet menapa-menapa;
namung menapa ingkang sampun
katedha déning para réncang kula
kémawon panjenengan lilakna, mekaten
ugi Anèr, Éskol lan Mamré ingkang tumut
nglurug perang kaliyan kula, kajengipun
sami mendhet menapa ingkang dados
wewenangipun."

15 1 Sawisé lelakon mau, Gusti
Allah ngandika marang Abram
sajroning wahyu mengkéné, "Abram,
kowé aja wedi. Aku iki tetamèngmu,
kang bakal maringi ganjaran gedhé
marang kowé."

2 Nanging Abram matur, "Dhuh Allah!
Menapa ginanipun peparing menika
kanggé kula; kula rak mboten gadhah
anak. Ingkang badhé marisi griya kula
saisinipun menika pun Élièzer, réncang
kula, tiyang Damsyik."
3 Sarta unjuké menèh, "Sarèhné Gusti
mboten maringi anak dhateng kula,
mila réncang kula ingkang badhé marisi
sedaya barang gadhahan kula."
4 Gusti Allah nuli ngandika marang
Abram, "Dudu baturmu Élièzer kang
bakal marisi barang-darbèkmu, nanging
anakmu lanang dhéwé."
5 Abram nuli dituntun menyang ing
njaba sarta dingandikani, "Delengen
langit kuwi, itungen lintangé yèn
kowé bisa. Iya semono bakal cacahé
turunmu!"
6 Abram ngandel yèn pangandikané
Allah mau bakal kelakon temenan. Merga
saka pangandelé mau Abram kepétung
wong sing bener ana ing ngarsané Gusti
Allah.
7 Gusti Allah banjur ngandika marang
Abram, "Aku iki Allah, kang wis ngirid
lakumu saka Ur, ing tanah Babilonia.

Kowé arep Dakparingi bumi iki dadia
duwèkmu."
8 Unjuké Abram, "Dhuh Allah, ingkang
Mahaluhur. Kadospundi enggèn kula
sumerep, bilih bumi menika èstu badhé
dados gadhahan kula?"
9 Gusti Allah nuli dhawuh, "Aku jupukna
sapi wadon kang umur telung taun,
wedhus jawa wadon kang umur telung
taun, wedhus gèmbèl lanang kang umur
telung taun, manuk drekuku siji lan piyik
dara siji."
10 Abram ngladèkaké kéwan-kéwan
mau kabèh, sarta padha disigari,
sigarané kéwan siji-sijiné disèlèhaké
adu-arep, mung manuké kang ora
disigar.
11 Nalika manuk gagak padha nyamber
arep mangan dagingé kéwan-kéwan
mau, banjur digusahi déning Abram.
12 Bareng ngarepaké surup, Abram
keturon nganti pules. Dumadakan
ketaman rasa wedi lan giris banget.
13 Gusti Allah ngandika marang Abram,
"Turunmu bakal dadi wong neneka ana
ing tanah kang dudu duwèké, sarta bakal
padha dadi batur lan ditindhes nganti
patang atus taun lawasé.

14 Nanging bangsa kang padha
dikawulani mau bakal Dakukum, lan
turunmu bakal budhal saka ing tanah
kono karo nggawa bandha akèh.
15 Kowé dhéwé bakal dawa umurmu,
lan bakal mati klawan tentrem rahayu,
banjur kakubur.
16 Sawisé patang turunan anak-turunmu
lagi bakal bali mréné, merga Aku ora
arep nundhung wong Amori, kang
ngenggoni tanah iki, sadurungé dosané
katog."
17 Kecrita bareng wis wengi lan peteng
ndhedhet, dumadakan katon ana anglo
kumelun lan obor murub mlaku metu
antarané sigaran-sigaran kéwan mau.
18 Ing wektu iku uga Gusti Allah damel
prejanjian karo Abram, pangandikané,
"Turunmu bakal Dakparingi tanah iki,
wiwit saka tapel watesé[q] tanah Mesir
nganti tekan Bengawan Éfrat,
19 yakuwi tanahé bangsa Kèni, bangsa
Kénas, bangsa Kadmon,
20 bangsa Hèt, bangsa Réfaim,
21 bangsa Amori, bangsa Kenaan,
bangsa Girgasi lan bangsa Yébus."

---

[q]tapel wates: kikis.

16 1 Sarai, bojoné Abram durung
duwé anak. Nanging duwé batur-
tukon, wong Mesir sing isih prawan,
jenengé Hagar.
2 Sarai nuli matur marang Abram, "Gusti
Allah mboten maringi anak dhateng kula.
Mila prayoginipun menawi panjenengan
ngempali réncang-tumbasan kula
menika, supados piyambakipun saged
gadhah anak kanggé kula." Abram
sarujuk karo rembugé Sarai.
3 Dadiné Sarai, bojoné Abram,
ngaturaké Hagar, batur-tukoné, asal
saka Mesir, marang Abram supaya diselir.
Nalika semono Abram enggoné manggon
ing tanah Kenaan wis olèh sepuluh taun.
4 Abram nuli ngumpuli Hagar, mula
Hagar banjur ngandheg. Bareng
rumangsa yèn wis ngandheg, Hagar
dadi angkuh lan ngrèmèhaké Sarai,
bendarané.
5 Sarai nuli matur marang Abram, "Kula
ingkang ngaturaken Hagar dhateng
panjenengan, nanging sareng rumaos
sampun ngandheg, piyambakipun
ngrèmèhaken dhateng kula. Menika
rak lepat panjenengan. Mugi Gusti

Allah tumindak adil dhateng kula lan
panjenengan."
6 Wangsulané Abram, "Kowé kuwi rak
kwasa mrenata baturmu. Sakarepmu
tindakna!" Wiwit semana Hagar banjur
disiya-siya déning Sarai, mula banjur
minggat.
7 Kecrita Malaékaté Pangéran nemoni
Hagar ing sacedhaké sumur, ing dalan
sing anjog ing segara wedhi Sur.
8 Pangandikané Malaékat mau, "Hagar,
baturé Sarai, kowé saka ngendi lan arep
lunga menyang ngendi?" Wangsulané
Hagar, "Kula menika késah saking
ngarsanipun bendara kula Sarai."
9 Malaékat banjur ngandika, "Kowé
balia menyang panggonané bendaramu
lan manuta ing sadhawuhé."
10 Ana menèh pangandikané
Malaékat mengkéné, "Turunmu
bakal Dakdadèkaké akèh banget, nganti
ora kena diétung merga saka akèhé.
11 Kowé bakal duwé anak lanang, kuwi
jenengna Ismaèl, merga Pangéran wis
miyarsakaké pesambatmu.
12 Wataké anakmu bakal kaya kuldi
alas, bakal nglawan marang saben
wong, lan saben wong bakal nglawan

dhèwèké. Uripé bakal mencil, adoh saka
sanak-seduluré."
13 Hagar mbatin, "Apa Gusti Allah
nggatèkaké temenan karo aku?" Mulané
Hagar banjur ngluhuraké Asmané Allah
sing wis menggalih marang dhèwèké,
lan disebut: "Pangéran iku Allah kang
nggatèkaké." Pangunandikané, "Aku wis
ndeleng Panjenenganė kang nggatèkaké
aku."
14 Mulané sumur mau karan Lakhai-Roi
(tegesé: etuké Allah kang nggatèkaké
aku). Dunungé sumur mau ing antarané
kutha Kadès lan kutha Bèrèd.
15 Bareng Hagar nglairaké anak lanang,
déning Abram bocah mau dijenengaké:
Ismaèl.
16 Nalika semono umuré Abram 86
taun.
17 1 Nalika Abram umur 99 taun,
Gusti Allah ngetingal lan
ngandika karo Abram mengkéné,
"Aku iki Allah Kang Mahakwasa. Kowé
mbangun-turuta, lan tansah nglakonana
sakersa-Ku.
2 Aku arep gawé prejanjian karo kowé,
lan arep ndadèkaké turunmu akèh
banget."

3 Abram banjur sujud sumungkem.
Gusti Allah mbanjuraké ngandika,
4 "Iki prejanjian-Ku karo kowé: Kowé
bakal dadi leluhuré bangsa akèh.
5 Mulané jenengmu ing sabanjuré
aja disebut Abram menèh, nanging
Abraham, merga kowé bakal dadi
leluhuré bangsa pirang-pirang.
6 Anak-putumu bakal akèh banget,
lan ing antarané bakal ana sing padha
dadi ratu. Saking akèhé nganti dadi
pirang-pirang bangsa.
7 Aku bakal netepi janji-Ku karo kowé
lan karo anakmu, turun-temurun.
Prejanjian iki bakal langgeng ing
selawasé. Aku bakal dadi Allahmu lan
Allahé turun-turunmu.
8 Aku bakal maringaké tanah sing saiki
kokenggoni kaya déné wong neneka iki
marang kowé lan turun-turunmu. Tanah
Kenaan iki kabèh bakal dadi duwèké
turun-turunmu, selawas-lawasé; lan Aku
bakal dadi Allahé."
9 Pangandikané menèh, "Déné kowé,
netepana prejanjian-Ku iki: ya kowé, ya
anak-anakmu, turun-temurun.
10 Kowé lan tedhak-turunmu kabèh sing
lanang kudu tetak.

11 Kowé tetaka, minangka pretandhané
prejanjian-Ku karo kowé.
12 Semono uga kowé kudu netaki
turunmu saben bayi lanang kang umur
wolung dina lan uga kang dudu turunmu,
kang lair ana ing omahmu, utawa
batur-tukon, senajan wong mau ora
klebu turunmu dhéwé.
13 Sapa waé kang lair ana ing omahmu,
lan batur-tukonmu, iku padha tetakana,
sarta dileluria ing selawasé.
14 Saben wong lanang ing antaramu
kang ora tetakan iku dudu umat-Ku,
merga ora setya marang prejanjian-Ku."
15 Gusti Allah banjur ngandika menèh
marang Abraham, "Sarai bojomu aja
kokceluk Sarai menèh, nanging Sarah.
16 Sarah bakal Dakberkahi, lan kowé
bakal Dakparingi anak lanang patutan
saka dhèwèké. Sarah bakal Dakberkahi
lan dadi ibuné bangsa pirang-pirang.
Turuné bakal ana sing padha dadi ratu."
17 Abraham nuli sujud sumungkem
ing bumi, nanging ing batiné ngguyu,
pangunandikané, "Wong sing wis umur
satus taun apa iya kelakon duwé anak?"
18 Abraham nuli munjuk marang Gusti
Allah, "Menapa mboten prayogi Ismaèl

kémawon ingkang dados ahli-waris
kula?"
19 Nanging Gusti Allah ngandika, "Ora,
Sarah, bojomu bakal nglairaké anak
lanang patutan saka kowé; bocah
mau mbésuk jenengna Iskak. Aku
bakal netepi janji-Ku karo dhèwèké
lan turun-turuné, sarta nglestarèkaké
prejanjian mau ing selawas-lawasé.
20 Panyuwunmu kanggo Ismaèl iya
wis Daksembadani, mulané bakal
Dakberkahi lan bakal Dakparingi turun
akèh banget. Ing antarané bakal ana
rolas sing dadi penggedhéné bangsa,
kang akèh banget cacahé.
21 Nanging prejanjian-Ku bakal
Daktetepaké karo Iskak, anakmu sing
bakal lair saka Sarah taun ngarep, ing
pendhaké mangsa iki."
22 Sawisé ngandika mengkono Gusti
Allah nuli jengkar.
23 Ing dina iku uga Abraham banjur
netaki Ismaèl lan sakèhé wong lanang
sing lair ana ing omahé, sarta para
batur-tukon lanang kabèh, ringkesé
sakèhé wong lanang sing klebu brayaté.
24 Nalika Abraham tetak umuré 99
taun;

25 déné Ismaèl, anaké, umur telulas
taun.
26 Karo-karoné tetaké nunggal sedina,
27 bebarengan karo sakèhé wong lanang
sing ana ing omah kono.

18 1 Kecrita Gusti Allah ngetingal
menèh marang Abraham, ing
sacedhaké wit-witan papané pangibadah,
ing Mamré. Nalika semono wayah awan
pinuju panas-panasé. Abraham lagi
linggihan ing ngarepan,
2 dumadakan ana priyayi telu teka.
3 Énggal-énggal Abraham menyat,
methukaké, banjur sumungkem, sarta
matur, "Menawi dhangan ing penggalih,
mangga sami kula aturi pinarak ing
pondhok kula, mangké badhé kula segah
sawontenipun.
4 Mangké kula pendhetaken toya kagem
wijik, lajeng kersaa lenggahan, ngaso
ing éyuban.
5 Mangké lajeng badhé kula aturi
dhahar sawontenipun, kanggé wewahing
kekiyatan." Wangsulané para kang
rawuh, "Iya, daktrima, aku dakmampir."
6 Abraham nuli énggal-énggal mlebu
ing kémah ngandhani Sarah, tembungé,

"Gelis, gawéa roti, njupuka glepung
telung taker."
7 Banjur énggal-énggal menyang
panggonané sapi, milih pedhèt sing
lemu, dipasrahaké marang batur, dikon
énggal-énggal nyembelèh lan ngolah
dagingé.
8 Sawisé mengkono banjur ngladèkaké
susu kenthel, pohan lan daging pedhèt
sing diolah mau, kabèh kasaosaké para
tamu. Déné Abraham dhéwé nunggoni
karo ngadeg ing sacedhaké para tamu
kang padha dhahar.
9 Para tamu padha ndangu, "Bojomu
Sarah ana ing ngendi?" Unjuké Abraham,
"Wonten ing nglebet."
10 Ana tamuné siji sing nuli ngandika,
"Sangang sasi engkas aku bakal mréné
menèh. Sarah, bojomu bakal wis
duwé anak lanang." Mangka Sarah
ngrungokaké saka ing mburi lawang, ing
pengkerané tamu sing padha lenggahan.
11 Abraham lan Sarah kuwi dhèk
semana wis padha tuwa, lan Sarah wis
ora garap sari.[r]
12 Mulané Sarah ing batin ngguyu, karo
ngunandika, "Apa tenan aku isih bisa

---

[r] garap sari: haid.

duwé anak? Wong aku wis nini-nini
mengkéné, mangka bojoku ya wis tuwa."
13 Gusti Allah banjur ngandika karo
Abraham, "Yagéné Sarah kokngguyu,
lan muni ing batin, ‘Apa ya temenan aku
bakal duwé anak?’
14 Ing ngatasé Allah ora ana barang
sing mokal. Suk taun ngarep, pendhaké
mangsa iki, Aku bakal mréné menèh lan
Sarah mesthi wis duwé anak lanang."
15 Merga saka wediné Sarah sélak, "Kula
mboten gumujeng." Senajan mengkono
Gusti Allah ngandika, "Ora, kowé wis
ngguyu."
16 Sawisé mengkono para tamu telu
mau tindak bebarengan ngener ing
kutha Sodom. Abraham nguntapaké
tamuné.
17 Gusti Allah ngunandika, "Apa Aku ora
arep blaka karo Abraham bab apa kang
arep Daktindakaké?
18 Mangka turuné Abraham iku rak
bakal dadi bangsa gedhé lan kwasa, lan
sakèhé para bangsa ing bumi rak bakal
kaberkahan merga saka dhèwèké?
19 Apa Abraham ora wis Dakpilih supaya
mulang marang anak-turuné netepi
pitedahé Allah, sarta urip nglakoni

kautaman lan kabeneran? Yèn padha
nurut, Aku bakal netepi apa kang wis
Dakjanjèkaké marang Abraham."
20 Gusti Allah banjur ngandika marang
Abraham, "Aku krungu pesambat tumrap
kutha Sodom lan Gomora, merga dosané
gedhé banget.
21 Mula Aku arep mrana nyatakaké apa
pesambat mau bener mengkono."
22 Tamuné mau sing loro budhal
menyang Sodom, nanging Abraham isih
kèri, ngadeg ana ing ngarsané Gusti
Allah.
23 Abraham marek lan munjuk,
"Menapa Panjenengan inggih badhé
numpes tiyang mursid sareng kaliyan
tiyang duraka?
24 Saupami ing salebeting negari ngriku
wonten tiyang sèket ingkang mursid,
menapa tiyang-tiyang menika inggih
badhé Panjenengan tumpes? Menapa
Panjenengan mboten milujengaken
negari menika krana tiyang mursid sèket
ingkang manggèn wonten ing ngriku?
25 Panjenengan mesthi mboten badhé
mejahi tiyang mursid sareng kaliyan
tiyang duraka, awit menawi mekaten
rak mboten mbédakaken tiyang mursid

kaliyan duraka. Menapa inggih Hakim
ingkang ngadili tiyang sajagad mboten
badhé nindakaken kaadilan?"
26 Pangandikané Gusti Allah, "Yèn
ing negara Sodom ana wong mursid
sèket waé, mesthi Dakéman krana saka
wong-wong mau."
27 Unjuké Abraham menèh, "Dhuh
Pangéran, kula menika namung lebu
lan awu kémawon, mila mboten pantes
munjuk ing ngarsa Panjenengan.
28 Tiyang mursid sèket wau
mbokmenawi wonten kirangipun
gangsal. Menapa krana saking kirang
tiyang gangsal wau Panjenengan badhé
numpes tiyang sanegari sedaya?"
Pangandikané Gusti Allah, "Menawa ing
kono ana wong patang puluh lima waé
kang mursid, negara iku mesthi ora
Daktumpes."
29 Abraham nuli munjuk menèh,
"Mbokmenawi ing ngriku namung
wonten tiyang kawan dasa ingkang
mursid?" Paring wangsulané Gusti Allah,
"Mesthi bakal Dakwurungaké, merga
saka wong patang puluh mau."
30 Aturé Abraham, "Dhuh Allah, sampun
ngantos duka. Mbokmenawi wontenipun

namung tigang dasa." Pangandikané
Gusti Allah, "Mesthi Dakwurungaké yèn
ana wong telung puluh waé sing mursid."
31 Unjuké Abraham sepisan menèh,
"Nyuwun ngapunten, déné kula sampun
kumawantun ing ngarsanipun Pangéran.
Kadospundi saupami ing ngriku namung
kepanggih tiyang kalihdasa ingkang
mursid?" Pangandikané Allah, "Mesthi
ora bakal Daktumpes."
32 Abraham isih ngenyang menèh,
"Sampun duka, dhuh Pangéran, awit
saking atur kula ingkang pungkasan
menika, mbokmenawi ing ngriku
namung kepanggih tiyang sedasa
ingkang mursid." Pangandikané Gusti
Allah, "Mesthi ora bakal Daktumpes
merga saka wong sepuluh sing mursid."
33 Sawisé rampung ngandika karo
Abraham, Gusti Allah banjur tindak, lan
Abraham nuli mulih.

19
1 Nalika Lot nuju lungguhan ana
ing gapuraning kutha Sodom ing
wayah soré, malaékat loro mau rawuh
mrono. Bareng weruh malaékat mau Lot
énggal-énggal menyat methukaké lan
mbagèkaké klawan kurmat.

2 Aturé, "Mbokbilih wonten dhangan
ing penggalih, sumangga kula aturi
pinarak tuwin nyaré ing pondhok kula;
samenika kula aturi siram-siram rumiyin,
mbénjing-énjing nglajengaken tindak."
Wangsulané malaékat mau, "Ora, aku
arep turu ana ing ratan kéné waé."
3 Nanging sarèhné Lot adreng banget
panyuwuné, para malaékat mau nuli
mlebet ing omahé, banjur diolah-olahaké
roti tanpa ragi, nuli padha mangan.
4 Kocapa bareng para tamu mau lagi
waé arep padha mapan saré, omahé
Lot dikepung déning wong-wong Sodom
tuwa enom, ora ana sing kèri.
5 Wong-wong mau padha ngundang-
undang, tembungé, "Endi wongé sing
padha nginep ing omahmu kéné.
Wetokna, arep dakturoni!"
6 Lot nuli metu; lawangé ditutup menèh,
banjur kandha karo wong-wong Sodom,
7 tembungé, "Para sedhèrèk, sampun ta
nglampahi ingkang nistha mekaten.
8 Kula gadhah anak èstri kalih, ingkang
taksih prawan. Menika badhé kula
pasrahaken dhateng para sedhèrèk,
badhé dipun menapakaken, mangga
sakersa. Namung para tamu kula

sampun ngantos dipun ganggu, margi
sampun sami ngaub ing pondhok kula."
9 Nanging pambengoké wong akèh
mau, "Hus, nisih! Ngertia yèn kowé kuwi
wong neneka, kathik isih arep mulang
barang. Apa njaluk dakgebugi ngungkuli
wong sing merdhayoh ing omahmu?" Lot
nuli dijorogaké lan lawangé arep dibejad.
10 Nanging kocapa malaékat loro mau
nuli mbukak lawangé. Lot digèrèd mlebu
ngomah, lawangé nuli dikancing menèh.
11 Déné wong sing padha ana ing
ngarepé lawang mau wiwit sing cilik
tekan sing gedhé, dipicakaké mripaté,
nganti padha ora bisa nemokaké lawangé
kémah.
12 Malaékat loro mau nuli ngandika
marang Lot, "Apa kowé isih duwé sedulur
ana ing kutha kéné? Anakmu lanang
lan wadon sarta kabèh sedulurmu ing
negara kéné jaken metu saka panggonan
iki.
13 Jalaran kutha kéné arep Daklebur,
awit wis akèh pesambat kang kapireng
Allah mungguh durakané wong kéné, lan
Aku padha didhawuhi nglebur kutha iki."
14 Lot nuli metu, kandha karo calon
mantuné loro, tembungé, "Énggal padha

metua saka kutha kéné, merga Gusti
Allah bakal numpes kutha iki." Nanging
calon mantuné loro mau malah ngarani
Lot mung sembranan waé.
15 Bareng wis rada padhang, malaékat
loro mau nuli nyereg marang Lot, "Wis,
gèk énggal, bojo lan anakmu loro
gawanen lunga saka kéné, supaya kowé
aja katut kalebur karo kutha iki."
16 Lot mangu-mangu. Nanging Gusti
Allah asih marang Lot, mulané diéman.
Tangané Lot lan bojoné nuli dicandhak,
mengkono uga anaké wadon loro,
banjur dituntun metu lan ditinggal ing
sanjabané kutha.
17 Karo dikandhani, "Rikat mlayua,
ngungsia menyang pegunungan. Aja
nolèh ngiwa utawa nengen lan aja
mandheg ana ing tanah ngaré kéné,
supaya kowé padha ora katut katumpes."
18 Nanging Lot munjuk, "Dhuh Gusti,
mugi kula sampun kadhawuhan mlajeng
dhateng paredèn.
19 Kula matur nuwun sanget déné
sampun Panjenengan wilujengaken,
nanging paredèn menika tebih sanget.
Mesthi kula badhé ketututan déning

bebendu menika, ngantos kula badhé
èstu pejah.
20 Ing ngajeng menika wonten kitha alit,
ingkang mboten patos tebih. Keparenga
kula mrika kémawon, supados kula
saged wilujeng."
21 Wangsulané malaékat, "Ya wis becik.
Negara iku bakal ora daklebur.
22 Énggal mranaa! Awit aku ora bisa
tumindak apa-apa, yèn kowé durung
tekan ing kana." Sarèhné Lot nyebut
kutha kuwi cilik, mulané kutha mau
ketelah jeneng Zoar.
23 Kocapa bareng srengéngéné wis
mlethèk lan Lot wis tekan Zoar,
24 Gusti Allah nuli nekakaké udan
wlirang lan geni saka ing langit ana ing
kutha Sodom lan Gomora,
25 sarta nglebur kutha-kutha mau lan
kiwa-tengené, bareng karo wong, kéwan
lan tetuwuhan sing ana ing kono kabèh.
26 Bojoné Lot mandheg lan nolèh,
temah sanalika malih dadi tugu uyah.
27 Ésuké, isih umun-umun, Abraham
marani papan sing wingin dienggo
ngadeg ana ing ngarsané Gusti Allah.
28 Bareng nyawang eneré Sodom lan
Gomora lan sakiwa-tengené, nuli weruh

ana kebul kumelun saka ing bumi, kaya
kebulé pawon gamping.
29 Kaya mengkono nalika Gusti Allah
nglebur Sodom lan Gomora, kanthi
ngèngeti Abraham lan ngirid Lot metu
saka panggonan sing dilebur.
30 Sarèhné wedi manggon ana ing Zoar,
Lot lan anaké wadon loro nuli pindhah
menyang ing pegunungan, manggon ana
ing guwa.
31 Anak wadon sing tuwa kandha karo
adhiné, "Bapak kuwi ngunduri sepuh,
mangka sanegara kéné ora ana wong
lanang sing ngumpuli, supaya kita duwé
anak.
32 Beciké bapak diombèni anggur
supaya mendem lan nuroni kita, temah
kita bakal duwé anak."
33 Dadi benginé Lot diwènèhi ngombé
anggur; anak sing tuwa nuli amor turu
karo bapakné. Lot saking mendemé ora
ngerti tekané lan lungané anaké mau.
34 Ésuké anak wadon sing mbarep mau
kandha karo adhiné, "Dhèk bengi aku
wis dituroni bapak. Ayo mengko bengi
bapak digawé mendem menèh, banjur
kowé gentèn turu karo bapak, supaya
kita padha duwé anak kabèh."

35 Wengi kuwi uga Lot diombèni anggur
nganti mendem, lan anaké sing nom
genti turu karo bapakné. Lot saking
mendemé ora ngerti tekané lan lungané
anaké mau.
36 Anak wadon karo-karoné banjur
ngandheg karo bapakné.
37 Anak sing mbarep nglairaké anak
lanang lan dijenengaké Moab, dadi
leluhuré bangsa Moab sing saiki iki.
38 Adhiné iya nglairaké anak lanang,
dijenengaké Bèn Ami, dadi leluhuré
bangsa Amon sing saiki iki.
20 1 Abraham pindhah saka ing
Mamré menyang ing Kenaan sisih
Kidul, sarta manggon ing Gérar, antarané
kutha Kadès lan Sur, dadi wong neneka.
2 Sarah, bojoné, diakokaké seduluré
wadon. Nganti Abimèlèh, raja Gérar,
utusan nimbali Sarah, arep dipundhut
garwa.
3 Nanging Gusti Allah ngrawuhi
Abimèlèh sajroning impèn,
pangandikané, "Kowé bakal mati
merga saka wong wadon sing kokpèk
bojo iku, merga dhèwèké wis duwé
bojo."

4 Sarah pancèn durung dikapak-
kapakaké. Mulané Abimèlèh matur,
"Dhuh Pangéran, kula mboten lepat.
Kénging menapa Panjenengan badhé
mejahi kula?
5 Menapa mboten Abraham piyambak
ingkang criyos dhateng kula, bilih Sarah
menika sedhèrèkipun èstri? Lan Sarah
piyambak rak inggih wicanten, bilih
Abraham menika sedhèrèkipun jaler.
Dados enggèn kula tumindak mekaten
menika kalayan manah resik."
6 Gusti Allah nuli ngandika menèh
sajroning pangimpèn, dhawuhé, "Pancèn
Aku ngerti yèn tumindakmu klawan
ati kang resik, mulané kowé Dakcegah
supaya ora nglakoni dosa. Kowé aja
nggepok wong wadon kuwi.
7 Saiki Sarah balèkna. Sing lanang iku
nabi, karebèn dhèwèké ndongakaké
keslametanmu. Déné yèn ora
kokbalèkaké, ngertia yèn kowé
mesthi bakal mati, ya kowé, ya wong
saisiné omahmu!"
8 Ésuké umun-umun Abimèlèh tangi
turu, banjur nglumpukaké baturé kabèh,
padha dicritani impèné, temahan wong
sakedhaton padha wedi banget.

9 Abraham iya ditimbali lan
dingandikani, "Kénging menapa
panjenengan koktumindak mekaten
dhateng kula? Lepat kula menapa,
déné kula lan negari kula ngantos
panjenengan dhawahi kalepatan
semanten agengipun? Tumindak
panjenengan ingkang kados mekaten
menika mboten pantes.
10 Kénging menapa panjenengan
nglampahi kados mekaten?"
11 Wangsulané Abraham, "Kula gadhah
panginten, bilih tiyang ing ngriki mboten
sami ajrih dhateng Gusti Allah. Mila kula
ajrih mbokbilih kula dipun pejahi déning
tiyang ingkang mélik dhateng sémah
kula.
12 Tur Sarah menika pancèn inggih
sedhèrèk kula saèstu; prenahipun
kaliyan kula nunggil bapak sanès biyung.
Lajeng kula pendhet dados sémah kula.
13 Sarèhné kula dipun kersakaken
déning Gusti Allah késah nglembara
mrika-mriki, tebih saking sanak-
sedhèrèk, piyambakipun lajeng kula
kethik, ‘Yèn awaké dhéwé ana ing paran,
kowé ngétokna katresnanmu marang

aku srana ngaku yèn aku iki sedulurmu
lanang.'"
14 Sawisé kuwi Abimèlèh mbalèkaké
Sarah marang Abraham, malah digawani
batur-tukon, wedhus lan sapi.
15 Pangandikané marang Abraham,
"Tanah kula taksih wiyar, kula aturi milih
pundi ingkang panjenengan remeni,
lajeng dedalema ing ngriku."
16 Déné Sarah dipangandikani,
"Abraham, sémah panjenengan,
sampun kula sukani arta sèwu pérak,
minangka bukti dhateng sedaya tiyang
bilih panjenengan mboten kalepatan.
Saben tiyang badhé mangertos bilih
panjenengan mboten kalepatan
menapa-menapa."
17 Abraham banjur saos sukur marang
Allah, ndongakaké Abimèlèh, temahan
Abimèlèh kaparingan waras, lan garwané
tuwin para baturé wadon padha bisa
duwé anak menèh.
18 Mauné, nalika Sarah, bojoné
Abraham, ana ing kedhaton, para wong
wadon mau padha digawé gabug déning
Gusti Allah.

21 1 Kecrita Gusti Allah manggihi
Sarah, kaya sing wis

dingandikakaké, prelu ngleksanani
janjiné.
2 Mulané Sarah banjur ngandheg lan
mbabar anak lanang, patutan saka
Abraham. Kelakoné mau trep ing wektu
sing wis ditemtokaké déning Allah,
senajan Abraham wis tuwa.
3 Bayiné banjur dijenengaké: Iskak.[s]
4 Bareng umur wolung dina bayi mau
ditetaki.
5 Nalika netaki Iskak, Abraham umur
satus taun.
6 Sarah muni ngéné, "Seméné Gusti
Allah enggoné paring kabegjan marang
aku, nganti aku ngguyu.
7 Sapa sing krungu mesthi bakal
nggeguyu aku. Dhèk biyèn sapa wani
kandha karo Abraham yèn aku bakal
duwé anak? Éwasemono saiki aku
kelakon duwé anak, senajan bojoku wis
tuwa banget."
8 Bocahé mundhak gedhé lan nalika
disapih, Abraham nganakaké pésta
sukuran gedhèn.

---

[s]Iskak: tembung Ibrani, nama menika tegesipun: "Dhèwèké ngguyu". (PD. 18:12, 15).

9 Ing sawijining dina, nalika Ismaèl,
anaké Abraham patutan saka Hagar,
wong Mesir, lagi dolanan karo Iskak,
10 Sarah matur karo Abraham, "Hagar
lan anakipun menika panjenengan
késahaken. Anakipun réncang-tumbasan
menika mboten kénging tumut nampi
warisan. Sedaya warisan menika hakipun
anak kula Iskak."
11 Aturé Sarah sing mengkono mau
gawé seriking atiné Abraham, merga
Ismaèl kuwi iya anaké.
12 Nanging Gusti Allah ngandika marang
Abraham, "Kowé aja ngebotaké Ismaèl
lan Hagar. Apa sapenjaluké Sarah kuwi
turutana. Merga turuné Iskak sing bakal
marisi prejanjian-Ku.
13 Déné turuné Ismaèl iya bakal
Dakdadèkaké bangsa gedhé, merga
bocah kuwi iya anakmu."
14 Ésuké Abraham njupuk roti lan
banyu saimpes diwènèhaké marang
Hagar. Semono uga Ismaèl dibopong,
digéndhongaké ing gegeré embokné,
banjur dikon lunga. Hagar nuli mangkat.
Lakuné kesasar tekan segara wedhi
Bèrsyéba.

15 Bareng sanguné banyu entèk blas,
Hagar banjur nyèlèhaké anaké ana ing
ngisor grumbul;
16 dhèwèké dhéwé lungguh wetara
satus mèter saka panggonan mau.
Pangunandikané, "Aku ora tegel ndeleng
anakku mati." Karo nangis Hagar
sesambat. Déné Ismaèl, anaké, uga
nangis.
17 Gusti Allah midhanget tangisé Ismaèl.
Dumadakan ana Malaékaté Pangéran
ngaruh-aruhi Hagar saka ing langit, "Ana
apa Hagar? Aja kuwatir! Gusti Allah wis
midhanget tangisé anakmu.
18 Ngadega, anakmu tangèkna, merga
arep Dakdadèkaké bangsa gedhé."
19 Gusti Allah mbukak mripaté Hagar,
mula weruh ana sumur, nuli diparani.
Impesé diisèni banyu lan bocahé
diombèni.
20 Gusti Allah ngreksa bocah mau.
Bareng wis gedhé, senengané
mbebedhag lan manggon ana ing
pesamunan Paran.
21 Embokné nggolèkaké jodho wong
saka tanah Mesir.
22 Kecrita ing nalika semana Raja
Abimèlèh lan Pikhol, sénapatiné, padha

nemoni Abraham, tembungé, "Sarèhné
Gusti Allah nyembadani sedaya prekawis
ingkang panjenengan lampahi,
23 pramila panjenengan kersaa prejanji
ing ngarsanipun Allah dhateng kula, bilih
panjenengan mboten badhé mblénjani;
inggih dhateng kula, utawi dhateng
anak tuwin sanak-sedhèrèk kula. Malah
panjenengan kersaa damel kesaénan
dhateng kula lan negari kula, ingkang
panjenengan enggèni menika, kados
enggèn kula sampun damel saé dhateng
panjenengan."
24 Wangsulané Abraham, "Inggih, kula
prejanji."
25 Nanging Abraham iya banjur
nglairaké pangresulané marang Raja
Abimèlèh prekara sumuré sing direbut
déning para abdiné Raja Abimèlèh
klawan rodha-peksa.
26 Pangandikané Abimèlèh, "Prekawis
menika kula malah mboten ngertos
sinten ingkang nindakaken. Kénging
menapa panjenengan kokmboten
ngandika dhateng kula? Lan dumugi
sepriki inggih mboten wonten tiyang
ingkang suka sumerep dhateng kula."

27 Abraham banjur njupuk wedhus lan sapi sawetara diaturaké marang Raja Abimèlèh. Wong loro mau banjur gawé prejanjian.

28 Nanging Abraham nyisihaké cempé wedhus gèmbèl pitu.

29 Raja Abimèlèh banjur miterang, "Menapa kersa panjenengan kokmisahaken cempé pitu menika?"

30 Wangsulané Abraham, "Panjenengan kersaa nampi cempé pitu menika, minangka pretandha enggèn panjenengan ngakeni, bilih sumur menika gadhahan kula."

31 Mulané panggonan kono disebut Bèrsyéba,[t] merga wong loro mau padha gawé prejanjian ana ing kono.

32 Sawisé padha gawé prejanjian mau, Abimèlèh nuli mulih menyang negara Filistia kadhèrèkaké Pikhol.

33 Abraham banjur nandur wit tamariska[u] ana ing Bèrsyéba lan memuja marang Gusti Allah, srana nyebut Asmané kang langgeng.

---

[t]Bèrsyéba: ing basa Ibrani nama menika tegesipun: "Sumur sumpah" utawi "sumur pitu".

[u]tamariska: bangsanipun palem.

34 Abraham dadi wong neneka sing manggon sawetara lawasé ana ing negarané wong Filistia kono.

22 1 Sawisé lelakon kuwi mau Gusti Allah nuli ndadar precayané Abraham, pangandikané, "Abraham!" Unjuké Abraham, "Kawula, Gusti!"
2 Dhawuhé Gusti Allah, "Ngajaka Iskak, anakmu ontang-anting[v] sing koktresnani, menyanga tanah Moria.[w] Ana ing kana anakmu gawénen kurban ing gunung kang bakal Daktuduhaké marang kowé."
3 Ésuké umun-umun Abraham banjur nglapaki kuldiné, ngajak abdi loro lan anaké, Iskak, karo nggawa kayu sing wis disigari, sing arep kanggo saos kurban obongan. Banjur padha budhal mlaku menyang panggonan sing didhawuhaké déning Gusti Allah.
4 Ing telung dinané Abraham weruh panggonan mau saka kadohan.
5 Nuli kandha karo abdi-abdiné, "Kowé kèria ana ing kéné karo kuldiné. Aku karo Iskak dakterus mrana saos kurban

---

[v]ontang-anting: anak tunggal (bhs. Ind.).
[w]Moria: Gusti Allah nyawisaken.

marang Allah. Yèn wis rampung aku
dakbali mréné menèh."
6 Kayu sing arep kanggo saos kurban
dikon manggul Iskak. Abraham dhéwé
nggawa geni lan ladingé. Nalika lagi
padha mlaku bareng,
7 Iskak matur, "Pak". Wangsulané
Abraham, "Apa nggèr?" Pitakoné Iskak,
"Latu lan kajengipun sampun wonten,
nanging cempé ingkang badhé kadamel
kurban pundi?"
8 Wangsulané Abraham, "Allah
piyambak sing bakal maringi." Sekaroné
banjur nerusaké lakuné.
9 Satekané panggonan sing
dingandikakaké déning Gusti Allah,
Abraham banjur gawé mesbèh lan
nata kayuné. Iskak banjur dibanda,
ditumpangaké ing sandhuwuré kayu ing
mesbèh.
10 Nuli njupuk ladingé, arep dienggo
nyembelèh anaké.
11 Nanging Malaékaté Pangéran
nguwuh[x] saka ing langit, "Abraham,
Abraham!" Aturé Abraham, "Kula, Gusti."
12 Pangandikané malaékat, "Bocah kuwi
aja koktatoni, aja kokkapak-kapakaké.

---

[x]nguwuh: celuk-celuk.

Saiki aku ngerti yèn kowé bekti lan
manut marang sadhawuhé Allah, nganti
ora ngéman anakmu ontang-anting
kapundhut kadadèkaké kurban."
13 Abraham nolèh ngiwa-nengen, weruh
ana wedhus gèmbèl lanang sunguné
kecanthol ing grumbul. Wedhus mau
banjur dijupuk lan digawé saos kurban,
liruné anaké.
14 Abraham njenengaké panggonan
mau: "Allah nyawisi". Tekan sepréné ana
unèn-unèn: "Gusti Allah wis nyawisi ana
ing gunungé."
15 Malaékaté Pangéran nguwuh menèh
saka ing langit marang Abraham,
16 "Aku supaos demi Asma-Ku
piyambak, rèhné kowé ora owel
nyaosaké anakmu ontang-anting,
17 mulané Aku bakal nglubèraké
berkah-Ku marang kowé. Anak-turunmu
bakal dadi akèh banget kaya lintang ing
langit lan kaya wedhi ing gisiking segara.
Anak-turunmu bakal nelukaké para
mungsuhé lan ngrebut kutha-kuthané.
18 Lantaran turunmu sakèhing bangsa
ing bumi bakal padha binerkahan,
merga kowé wis nglakoni apa sing
Dakdhawuhaké."

19 Sawisé mengkono Abraham banjur
marani abdi-abdiné, nuli padha
bebarengan mulih menyang Bèrsyéba.
Abraham saterusé manggon ana ing
kono.
20 Sawisé lelakon mau Abraham olèh
kabar yèn Nahor, adhiné, duwé anak
lanang wolu patutan saka Milka, bojoné,
yakuwi:
21 Us, sing mbarep, banjur adhi-adhiné:
Bus, Kemuèl, sing dadi leluhuré bangsa
Aram,
22 Kèsèd, Hazo, Pildasy, Yidlaf, lan
Bétuèl.
23 Bétuèl kuwi bapakné Ribkah.
24 Nahor duwé selir jenengé Réuma,
sing nglairaké Tébah, Gaham, Tahasy lan
Maaka.

23

1 Umuré Sarah nyandhak satus
pitulikur taun,
2 banjur tinggal-donya ana ing Kiryat-
Arba, yakuwi Hébron, ing tanah Kenaan.
Abraham nunggoni lan nangisi layoné.
3 Layon mau banjur ditinggal nemoni
anak-anaké Hèt, tembungé,
4 "Kula wonten ing ngriki dados tiyang
ngamanca, ingkang mondhok wonten
negari panjenengan. Menawi mboten

wonten pakèwedipun, kula kepéngin
tumbas siti ing ngriki kanggé ngubur
sémah kula."
5 Wong-wong Hèt nuli padha mangsuli,
6 "Panjenengan rak presasat raja
wonten ing satengahing bangsa
kula. Pramila sumangga kula aturi
milih piyambak panggènan ingkang
panjenengan kersakaken kanggé
pesaréan. Kula sami bingah menawi
panjenengan kersa nyarèkaken ingkang
séda wonten ing ngriki."
7 Abraham banjur mbungkuk ngurmati
para anaké Hèt mau,
8 sarta mangsuli, "Menawi para
sedhèrèk sampun marengaken kula
ngubur sémah kula wonten ngriki, kula
nyuwun tulung kersaa nembungaken
dhateng Éfron, anakipun Zohar,
9 supados kula angsal numbas Guwa
Mahpéla, gadhahanipun, ingkang
keprenah ing sisihé pategilanipun.
Pinten reginipun badhé kula bayar,
lan panjenengan kula aturi neksèni,
margi siti menika menawi sampun
dados gadhahan kula, badhé kula enggé
kuburan."

10 Éfron dhéwé pinuju mèlu linggih
karo wong-wong Hèt mau. Éfron banjur
mangsuli Abraham, diseksèni déning
sedulur-seduluré sing padha nglumpuk
ana ing sekèthèngé negara mau,
11 "Rama Abraham ingkang kula
hurmati. Pasitèn menika kula aturaken
dhateng panjenengan; mekaten ugi
guwa ingkang wonten ing ngriku, inggih
kula aturaken pisan. Para sedhèrèk
sedaya kula aturi nyeksèni atur kula
menika. Sumangga ingkang séda kula
aturi nyarèkaken ing ngriku."
12 Abraham mbungkuk hurmat menèh
marang para anaké Hèt,
13 lan kaseksènan déning wong-wong
mau kandha karo Éfron mengkéné,
"Kula aturi menggalih atur kula. Menawi
kepareng, pasitèn menika sedaya badhé
kula tumbas lan kula bayar, supados
kula saged ngubur sémah kula wonten
ing ngriku."
14 Éfron mangsuli,
15 "Rama Abraham, siti menika namung
pengaos kawan atus arta slaka; menapa
tegesipun arta semanten menika tumrap
panjenengan lan kula? Sumangga
kaagema nyarèkaken ingkang séda."

16 Abraham sarujuk karo penjaluké
Éfron mau, nuli nimbang dhuwit slaka
(sing payu kanggo dol-tinuku), cacahé
400 sèkel, kaseksènan déning bangsa
Hèt.
17 Mengkono mulané lemahé Éfron
ing Mahpéla, Wétan Mamré, guwa lan
sakèhé wit-witan sing ana ing palemahan
mau,
18 katetepaké dadi duwèké Abraham;
diseksèni déning wong-wong Hèt, sing
padha mèlu rembugan ing sekèthèngé
negara mau.
19 Abraham banjur ngubur Sarah ana
ing Guwa Mahpéla, cedhak karo kutha
Mamré, ing tanah Kenaan.
20 Dadi lemah karo Guwa Mahpéla
diresmèkaké déning wong Hèt dadi
duwèké Abraham, kanggo kuburan.

24 1 Kecrita Abraham wis sepuh
banget. Ing sabarang tumindaké
binerkahan déning Allah.
2 Ing sawijining dina Abraham nimbali
abdiné sing tuwa dhéwé, sing diprecaya
ngurus bandhané kabèh, dikon sumpah

srana numpangaké tangané ing
sangisoring cethiké[y] Abraham.
3 Tembungé, "Sumpaha demi Allah ing
swarga lan bumi, yèn kowé ora arep
nggolèkaké jodho anakku Iskak, wong
wadon tanah Kenaan kéné.
4 Lungaa menyang tanah kelairanku,
anakku golèkna jodho saka antarané
sanak-sedulurku."
5 Abdi mau nuli matur, "Kadospundi
menawi laré èstrinipun mboten purun
dipun ajak mriki; menapa putra
panjenengan lajeng kula ajak mrika?"
6 Nanging Abraham mangsuli, "Anakku
aja pisan-pisan kokgawa mrana!
7 Merga Allah ing swarga wis ndhawuhi
supaya aku ninggal balé-omahé
bapakku, bangsaku lan negaraku, sarta
paring prejanji klawan sumpah, yèn
bakal maringaké negara iki marang
anak-turunku. Panjenengané piyambak
bakal ngutus malaékaté ndhisiki lakumu,
temah ing kana kowé bakal ketemu karo

---

[y]numpangaken tangan ing sangandhaping cethik: menika caranipun tiyang kala semanten ngucapaken sumpah lan sumpah menika mboten saged dipun éwahi.

bocah wadon sing gelem dipèk bojo
anakku.
8 Déné yèn bocah wadon mau ora gelem
kokgawa, kowé luwar saka sumpahmu
iki. Nanging aja pisan-pisan anakku
kokbalèkaké menyang negara asalku."
9 Abdi mau banjur numpangaké
tangané ana ing sangisoring cethiké
Abraham, bendarané, lan sumpah yèn
arep nglakoni apa sing didhawuhaké
bendarané.
10 Abdi mau banjur budhal nggawa unta
sepuluh dimomoti raja-brana rupa-rupa.
Lakuné ngener tanah Aram-Naharayim,
sing biyèn dienggoni Nahor; dunungé
ing saloré Mésopotamia.
11 Satekané ing kono untané dijerumaké
ana ing sacedhaké sumur. Nalika semono
wis soré, wayahé wong wadon padha
teka ngangsu ing sumur mau.
12 Abdi mau nuli ndedonga, "Dhuh
Allahipun bendara kula Abraham. Kula
nyuwun tulung mugi enggèn kula kautus
angsala damel. Kersaa ngrentahaken sih
dhateng bendara kula Abraham.
13 Kula badhé ngentosi wonten ing
sumur ngriki, lan sekedhap malih

laré-laré èstri saking dhusun badhé
dhateng ngangsu.
14 Kula badhé wicanten dhateng salah
setunggaling laré èstri wau, ‘Aku
wènèhana ngombé’. Menawi laré èstri
wau mangsuli, ‘Mangga kula aturi
ngunjuk, malah unta-unta sampéyan
inggih badhé kula sukani ngombé pisan’,
menika dados pretandha bilih laré wau
ingkang Panjenengan kersakaken dados
jodhonipun bendara kula Iskak. Srana
mekaten kula ngertos, bilih Panjenengan
netepi prejanjian Panjenengan kaliyan
bendara kula Abraham."
15 Kecrita sadurungé abdi mau rampung
enggoné ndedonga, ana bocah wadon
teka nyunggi jun, jenengé Ribkah, anaké
Bétuèl. (Bétuèl kuwi anaké Milka, bojoné
Nahor, adhiné lanang Abraham.)
16 Ribkah mau rupané ayu banget, isih
prawan. Dhèwèké medhun menyang
sumur, ngisèni juné, banjur bali
munggah menèh.
17 Abdi mau énggal-énggal maju
methukaké karo kandha, "Endhuk, mbok
aku wènèhana ngombé sethithik saka
junmu."

18 Wangsulané bocah wadon mau,
"Mangga pak." Juné nuli énggal
diedhunaké, disangga nganggo tanganė,
lan wongé ditulungi ngombé.
19 Sawisé awèh ngombé, bocah wadon
mau nuli muni, "Unta sampéyan badhé
kula sukani ngombé pisan satuwukipun."
20 Juné nuli disuntak ing wadhah sing
kanggo ngombé unta-unta. Banjur bali
mlayu menyang sumur ngangsokaké
untané kabèh.
21 Abdi mau tansah ngawasaké sapolahé
bocah wadon kuwi karo sumlengeren.
Dhèwèké yakin, yèn yaiki bocah wadon
sing dikersakaké déning Gusti Allah dadi
jodhoné Iskak, bendarané.
22 Bareng bocah wadon mau wis
rampung enggoné ngombèni unta-unta
kabèh, si abdi nuli njupuk anting-anting
emas sing boboté setengah sèkel,
dienggokaké ing irungé bocah wadon
mau. Lan gelang emas sepasang sing
boboté sepuluh sèkel dienggokaké ing
tangané;
23 karo takon, "Endhuk, kowé kuwi
anaké sapa? Apa ing omahé bapakmu
ana panggonan sing kena kanggo nginep
aku sakancaku?"

24 Wangsulané bocah wadon mau, "Kula
menika anakipun Bétuèl, putunipun
Nahor lan Milka.
25 Ing griya kula kathah damèn lan
tedha kéwan. Papan kanggé nyipeng
inggih wonten."
26 Abdi mau banjur sumungkem sujud
marang ngarsané Allah, karo munjuk,
27 "Pinujia Allahé bendaraku Abraham,
sing wis ngetingalaké sih lan kasetyané
marang bendaraku, sing ngirid lan
njujugaké aku ing omahé seduluré
bendaraku."
28 Bocah wadon mau mlayu mulih lan
nyritakaké lelakoné marang ibuné.
29 Ribkah kuwi duwé kakang, jenengé
Laban.
30 Bareng krungu critané adhiné lan
ndeleng anting-anting irung lan gelang
sing ana ing tangané adhiné, Laban
énggal-énggal mlayu nemoni abdiné
Abraham, sing isih ngadeg ing sacedhaké
sumur.
31 Laban banjur ngajak abdi mau,
tembungé, "Sedhèrèk ingkang kinasih,
mangga sampéyan mampir, sampun
wonten ing njawi. Mangga, sampéyan
ngaso ing griya kula. Sampun kula cawisi

kamar lan panggènan kanggé unta-unta
sampéyan."
32 Abdiné Abraham banjur mlebu
ing omah. Laban ngedhun-edhunaké
momotané unta-unta, njupuk damèn
kanggo slèmèké, sarta pakan kanggo
kéwan-kéwan mau. Nuli nggawa banyu
kanggo wisuh sikilé para tamu.
33 Nanging bareng disuguh mangan,
abdiné Abraham mau kandha ngéné,
"Nyuwun ngapunten, kula mboten badhé
nedha, menawi dèrèng ngaturaken
kapreluan kula." Wangsulané Laban,
"Mangga sampéyan criyosaken."
34 Abdiné Abraham banjur matur, "Kula
menika abdinipun Abraham,
35 tiyang ingkang binerkahan sanget
déning Allah, ngantos dados tiyang
ingkang sugih sanget. Kagungan
raja-kaya rupi ménda gèmbèl, ménda
jawi, lembu, unta, kuldi, slaka, emas,
réncang-tumbasan jaler lan èstri.
36 Sarah, garwanipun, kaparingan
anak jaler nalika sampun sepuh
sanget. Pramila bendara kula Abraham
marisaken bandhanipun sedaya dhateng
anakipun jaler wau.

37 Kula dipun dhawuhi prejanji kanthi
supaos déning bendara kula mekaten,
‘Kowé aja pisan-pisan nggolèkaké jodho
anakku bocah wadon saka tanah Kenaan,
38 nanging golèkna saka ing antarané
sanak-seduluré bapakku. Énggal
mangkata mrana!’
39 Kula inggih matur, ‘Kadospundi
menawi laré èstri wau mboten purun
kula bekta?’
40 Ngandikanipun, ‘Gusti Allah sing
dakbektèni bakal ngutus malaékaté
ngirid lakumu lan mberkahi kowé,
temah kowé bakal olèh gawé. Kowé
bakal nggawa jodhoné anakku saka ing
antarané sanak-sedulurku.
41 Yèn kowé wis marani sanak-
sedulurku, mangka kowé ditampik, kowé
lagi luwar saka sumpahmu.’
42 Dinten menika wau kula dumugi ing
sumur, lajeng ndedonga ing salebeting
batos, ‘Dhuh Allahipun bendara kula
Abraham, kula nyuwun tulung supados
lampah kula angsala damel.’
43 Kula badhé ngentosi ing sumur
ngriki. Menawi wonten laré èstri dhateng
ngangsu, kula lajeng badhé nembung:

‘Mbok aku wènèhana ngombé saka ing
junmu sethithik waé,’
44 mangka laré wau lajeng mangsuli:
‘Mangga, kula aturi ngombé, lan
unta-unta sampéyan badhé kula ombèni
pisan,’ mugi menika dados titikan, ‘Bilih
laré èstri menika ingkang Panjenengan
kersakaken dados jodhonipun bendara
kula Iskak.’
45 Enggèn kula ndedonga salebeting
batos dèrèng rampung, lhakok Ribkah
dhateng mbekta jun, badhé ngangsu
mriku. Sareng minggah saking sumur
lajeng kula celaki kaliyan mungel, ‘Mbok
aku wènèhana ngombé saka ing junmu
sethithik waé.’
46 Piyambakipun kokénggal-énggal
ngedhakaken junipun, kaliyan mungel,
‘Mangga sampéyan ngombé,’ lajeng
nawèni badhé ngombèni unta-unta kula
pisan. Kula lajeng ngombé lan unta-unta
kula inggih lajeng dipun ombèni.
47 Sesampunipun mekaten kula lajeng
takèn, ‘Ndhuk, kowé kuwi anaké sapa?’
Wangsulanipun, ‘Kula anakipun Bétuèl.
Bétuèl menika anakipun Nahor lan Milka.’
Kula lajeng mendhet anting-anting irung

lan gelang emas, kula anggèkaken
piyambakipun.
48 Mila kula lajeng nyembah sujud
dhateng Gusti Allah sesembahanipun
bendara kula Abraham, déné sampun
kersa ngirid lampah kula njujug dhateng
sedhèrèkipun bendara kula, temah saged
kepanggih kaliyan laré èstri menika.
49 Samangké mangga kula aturi
ngandika menapa panjenengan badhé
nandukaken katresnan lan kuwajiban
panjenengan dhateng bendara kula
Abraham, menapa mboten, supados
kantenan menapa ingkang badhé kula
tindakaken."
50 Laban lan Bétuèl banjur mangsuli,
"Sarèhné prekawis menika sampun
kakersakaken déning Pangéran
piyambak, pramila kula namung sami
pasrah, ndhèrèk ing sakersanipun.
51 Sumangga, kajengipun Ribkah
tumut sampéyan lan kajodhokaken
kaliyan putranipun bendara sampéyan,
kados ingkang kadhawuhaken déning
Pangéran."
52 Bareng krungu wangsulan sing
mengkono mau abdiné Abraham banjur
sujud nyembah marang Gusti Allah.

53 Abdi mau nuli ngetokaké sandhangan
lan rerenggan emas lan slaka,
diwènèhaké marang Ribkah. Semono
uga kakangné lan ibuné padha diaturi
barang-barang sing larang regané.
54 Sawisé mengkono abdiné Abraham
lan kanca-kancané lagi padha gelem
mangan lan ngombé, sarta nginep ana
ing omah kono. Ésuké, sawisé padha
tangi, abdiné Abraham nuli kandha
karo sing duwé omah, "Keparenga
kula samenika mantuk dhateng
panggènanipun bendara kula."
55 Nanging kakangné lan ibuné Ribkah
kandha, "Mbok ngentosi seminggu utawi
sedasa dinten malih; sesampunipun
menika kajengipun Ribkah tumut."
56 Nanging abdi mau matur, "Kula
sampun panjenengan gondhèli.
Pangéran sampun nglestantunaken
lampah kula, mila keparenga kula
tumunten bidhal, mantuk dhateng
panggènanipun bendara kula."
57 Banjur diwangsuli, "Saénipun kula
nantun dhateng Ribkah piyambak
rumiyin, kadospundi pemanggihipun."

58 Ribkah nuli diundang lan ditari,
"Apa kowé gelem diajak budhal saiki?"
Wangsulané, "Inggih, purun."
59 Ribkah nuli dililani budhal, bareng
karo abdiné Abraham sakancané,
dikanthèni pamomongé.
60 Ribkah diberkahi déning kakang lan
ibuné mengkéné, "Ribkah, muga-muga
kowé kaparingana turun mayuta-yuta!
Muga-muga tedhak-turunmu nelukaké
lan ngwasani kutha-kuthané mungsuhé."
61 Sawisé mengkono, Ribkah lan para
réwangé wadon banjur padha tata-tata
lan budhal nunggang unta mèlu abdiné
Abraham.
62 Kocapa Iskak mentas bali saka alas,
liwat sumur Lakhai-Roi, merga nalika
semono dhèwèké manggon ing tanah
Kenaan sisih Kidul.
63 Ngarepaké surup, Iskak metu saka
kémah arep mlaku-mlaku ing ara-ara
samun golèk hawa seger. Dumadakan
weruh iring-iringan unta teka.
64 Bareng Ribkah weruh Iskak, banjur
énggal-énggal medhun saka untané,
65 sarta takon karo abdiné Abraham,
"Tiyang jaler ingkang methukaken kita
menika sinten?" Wangsulané abdi mau,

"Inggih menika bendara kula Iskak." Ribkah banjur énggal-énggal njupuk krudhungé kanggo nutupi rainé.
66 Abdiné Abraham mau nuli nyritakaké lelakoné kabèh marang Iskak.
67 Iskak banjur ngajak Ribkah, digawa mlebu menyang kémahé Sarah, ibuné, sarta sabanjuré dadi bojoné. Iskak tresna banget marang Ribkah, lan dadi panglipur sawisé ditinggal mati ibuné.

25

1 Abraham kawin menèh karo wong wadon jenengé Ketura.
2 Ketura mau anak-anak: Zimran, Yoksan, Médan, Midian, Isbak, lan Suah.
3 Yoksan duwé anak: Syéba lan Dédan. Anaké Dédan kuwi wong Asyur, wong Letus lan wong Léum.
4 Midian duwé anak: Éfa, Èfèr, Hénokh, Abida, lan Èldaa. Iku kabèh anak-turuné Ketura.
5 Senajan Abraham marisaké bandhané kabèh marang Iskak,
6 éwasemono nalika sugengé akèh pawèwèhé marang anak-anaké sing patutan saka bojo liya-liyané. Nanging banjur padha dikon pindhah menyang tanah sawétané Kenaan, kapisah karo Iskak, anaké.

7 Bareng wis tuwa banget lan umuré
genep satus pitung puluh lima taun,
8 Abraham tilar-donya,
9 kakubur déning Iskak lan Ismaèl,
anaké, ana ing Guwa Mahpéla, ing
palemahan tilas duwèké Éfron, anaké
Zohar, wong Hèt, ing sisih wétané
Mamré.
10 Palemahan mau wis dituku Abraham
saka anak-turuné Hèt. Sarah, bojoné
Abraham, iya kakubur ana ing kono.
11 Satilaré Abraham, Gusti Allah
mberkahi Iskak, kang manggon ing
sacedhaké sumur Lakhai-Roi.
12 Ismaèl kuwi anaké Abraham, patutan
saka Hagar, wong Mesir, batur-tukoné
Sarah.
13 Ismaèl duwé anak rolas, kaya
kang kasebut ing ngisor iki, wiwit
sing tuwa dhéwé: Nébayot, Kédar,
Abdééèl, Mibsam, Misma, Dumah, Masa,
Hadad, Téma, Yétur, Nafisy lan Kèdma;
padha dadi leluhuré bangsa rolas. Désa
sing dienggoni uga disebut manut
jeneng-jenengé wong-wong mau.
14 (25:13)
15 (25:13)
16 (25:13)

17 Nalika tinggal-donya Ismaèl umuré
satus telung puluh pitu taun.
18 Anak-turuné Ismaèl manggon ing
tanah sing dunungé ing antarané Hawila
lan Sur, sawétané tanah Mesir, nganti
tekan Asyur, dadi adoh saka panggonané
anak-turuné Abraham liya-liyané.
19 Iki tedhak-turuné Iskak, anaké
Abraham.
20 Nalika Iskak umur patang puluh taun
kawin karo Ribkah, adhiné Laban, anaké
Bétuèl, wong Aram saka Mésopotamia.
21 Sarèhné Ribkah ora duwé anak, Iskak
banjur nyenyuwun marang Allah. Gusti
Allah nyembadani panyuwuné, temahan
Ribkah banjur ngandheg.
22 Bayiné kembar, lan nalika isih ana ing
wetengan bayi-bayi mau padha gelutan.
Pangunandikané Ribkah, "Yagéné aku
kokkudu ngalami mengkéné?" Mulané
banjur nyuwun pirsa marang Allah.
23 Pangandikané Gusti Allah, "Ing
wetengmu ana bangsa loro, sing
padha sesatron, sing enom luwih rosa
ketimbang karo sing tuwa, sing mbarep
bakal ngawula marang sing ragil."

24 Bareng wis tekan wektuné, Ribkah
nuli mbabar; bayiné kembar loro lanang
kabèh.
25 Sing mbarep kulité semu abang
kebak wulu. Mulané banjur dijenengaké
Ésau.[z]
26 Bareng bayi sing kapindho lair,
tanganė nyekeli tungkaké Ésau. Mulané
dijenengaké Yakub.[a] Nalika bocah loro
mau padha lair, Iskak umuré sewidak
taun.
27 Bocah loro mau padha mundhak
gedhé. Ésau dadi tukang mbebedhag
sing pinter banget. Senengané tlusupan
ana ing alas; nanging Yakub wataké
anteng, senengané ana ing omah waé.
28 Iskak tresna karo Ésau, merga
pekaremané mangan daging olèh-
olèhané Ésau enggoné mbebedhag.
Nanging Ribkah luwih tresna marang
Yakub.
29 Ing sawijining dina nalika Yakub lagi
nggodhog kacang abang, Ésau teka, bali

---

[z]Ésau: wonten sesambetanipun kaliyan Séir: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani, ingkang tegesipun: "kebak wulu".

[a]Yakub: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani, ingkang tegesipun: ‘tungkak’ utawi ‘ngapusi’.

saka enggoné mbebedhag. Ésau ngelih
banget.
30 Banjur kandha karo Yakub, "Aku
ngelih banget. Aku wènèhana sing
abang-abang kuwi, sethithik waé."
Mulané Ésau diparabi: Édom.[b]
31 Yakub mangsuli, "Dakwènèhi,
angger wewenangmu pembarep genti
kokwènèhaké aku."
32 Ésau banjur muni, "Aku ora preduli
karo wewenangku dadi pembarep. Aku
sélak mati kaliren."
33 Wangsulané Yakub, "Sumpaha dhisik
yèn wewenangmu dadi pembarep
kokwènèhaké aku." Ésau banjur sumpah
ngeculaké wewenangé dadi pembarep
marang Yakub.
34 Yakub banjur awèh roti lan kacang
abang godhogan marang Ésau. Sawisé
mangan lan ngombé Ésau banjur
lunga. Kaya mengkono Ésau enggoné
ngrèmèhaké wewenangé dadi pembarep.

26 1 Kecrita ing negara kono ana
pailan gedhé, kaya dhèk jamané
Abraham. Iskak banjur lunga menyang
Gérar, sowan ing ngarsané Abimèlèh,

---

[b]Édom: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani, ingkang tegesipun: ‘abang’.

raja ing Filistin, saprelu nyuwun supaya
dililani manggon ana ing kono.
2 Sebab Gusti Allah wis ngetingal
marang Iskak lan ngandika, "Kowé
aja lunga menyang tanah Mesir,
manggona ana ing tanah kéné, kaya sing
Dakdhawuhaké marang kowé.
3 Aku bakal nganthi lan mberkahi kowé.
Tanah iki kabèh bakal Dakparingaké
marang kowé lan marang anak-turunmu.
Aku bakal netepi janji-Ku marang
Abraham, bapakmu.
4 Anak-turunmu bakal Dakdadèkaké
akèh banget nganti kaya lintang ing
langit, lan tanah iki kabèh bakal
Dakparingaké dadi duwèké. Sakèhé
bangsa ing bumi bakal nyuwun
Dakberkahi, kaya enggon-Ku mberkahi
anak-turunmu.
5 Kowé bakal Dakberkahi, merga saka
Abraham, kang mbangun-turut marang
Aku lan nglakoni sakèhé prenatan lan
dhawuh-Ku."
6 Mulané Iskak tetep manggon ana ing
Gérar.
7 Nalika wong-wong ing kono padha
nakokaké bab Ribkah, Iskak mangsuli
yèn Ribkah kuwi adhiné, dudu bojoné.

Iskak wedi yèn dipatèni wong-wong ing
kono merga kepéngin ngrebut Ribkah,
awit Ribkah kuwi rupané ayu banget.
8 Kocapa bareng wis wetara suwé
enggoné manggon ana ing Gérar kono,
lan Raja Abimèlèh pinuju ngungak saka
jendhélané, panjenengané ngonangi
Iskak lagi sih-sinihan karo Ribkah,
bojoné.
9 Iskak banjur ditimbali lan
dipangandikani, "Dados Ribkah
menika saèstunipun garwa panjenengan
ta! Kénging menapa panjenengan
kokngendika bilih piyambakipun menika
rayi panjenengan?" Wangsulané Iskak,
"Kula kuwatos dipun pejahi menawi kula
ngaken, bilih Ribkah menika sémah
kula."
10 Pangandikané Abimèlèh, "Tumindak
panjenengan ingkang kados mekaten
menika tumrap kula sabangsa mboten
pantes sanget. Saupami kelampahan
wonten salah setunggaling tiyang kula
ngempali garwa panjenengan menapa
mboten lepat panjenengan piyambak?"
11 Abimèlèh nuli ndawuhaké marang
rakyaté kabèh mengkéné, "Sapa sing

ngganggu-gawé Iskak utawa bojoné,
bakal kena ukum pati."
12 Iskak nyebar wiji ing tanah kono,
lan taun kuwi panèné tikel satus, merga
saka berkahé Pangéran.
13 Bandhané saya mundhak akèh nganti
wekasané Iskak dadi wong sing sugih
banget.
14 Sarèhné raja-kayané sing rupa
wedhus gèmbèl lan sapi, semono uga
baturé akèh banget, wong Filistin padha
mèri.
15 Banjur padha ngurugi sumur-sumur
sing didhudhuk déning para abdiné
Abraham, nalika Abraham isih urip,
ditableg lemah.
16 Raja Abimèlèh banjur ngandika
marang Iskak, "Panjenengan kula aturi
késah saking ngriki, awit kawibawan
panjenengan sampun nglangkungi kula
sedaya."
17 Iskak banjur lunga saka tanah kono,
lan manggon ing Lembah Gérar, nganti
kepara suwé.
18 Sumur-sumur sing didhudhuk nalika
jamané Abraham lan ditableg déning
wong-wong Filistin didhudhuk menèh.

Sumur-sumur mau dijenengi padha kaya
enggoné njenengi bapakné biyèn.
19 Abdi-abdiné Iskak padha ngedhuk
sumur ana ing Lembah Gérar kono lan
metu banyuné.
20 Nanging para pangon ing Gérar
padha ngajak tukaran karo para
pangoné Iskak. Padha muni, "Sumur iki
duwèkku." Mulané Iskak njenengi sumur
mau "Ésèk," tegesé: tukaran.
21 Abdiné Iskak ngedhuk sumur liyané,
lan ing kono dadi padu menèh. Mulané
sumur mau dijenengi: "Sitna," tegesé:
memungsuhan.
22 Iskak banjur pindhah saka ing kono
lan ngedhuk sumur menèh, nanging ora
ndadèkaké tukar-padu. Mulané sumur
mau dijenengi: "Réhobot," tegesé:
Ombèr. Ujaré, "Saiki Gusti Allah maringi
ombèr marang Aku ing bumi kéné, lan
kita bakal saya makmur."
23 Saka ing kono Iskak pindhah
menyang Bèrsyéba.
24 Ing sawijining dina, ing wayah bengi
Gusti Allah ngetingal marang Iskak,
pangandikané, "Aku iki Allahé bapakmu
Abraham. Aja wedi. Aku nganthi marang
kowé. Aku bakal mberkahi kowé, lan

anak-turunmu bakal Dakgawé akèh
banget, merga saka janji-Ku marang
Abraham, abdi-Ku."
25 Iskak banjur ngedegaké mesbèh lan
ngluhuraké Asmané Gusti Allah ana ing
kono. Iskak nuli masang kémah lan
abdiné padha ngedhuk sumur menèh.
26 Ing sawijining dina Raja Abimèlèh
teka saka Gérar, karo Ahuzat,
penaséhaté, lan Pikhol, sénapatiné, arep
ketemu karo Iskak.
27 Iskak takon, "Kénging menapa
samenika panjenengan sami rawuh
mriki, mangka rumiyin panjenengan
nundhung kula saking Gérar?"
28 Wangsulané Abimèlèh sakancané,
"Samenika sampun tetéla, bilih Gusti
Allah nganthi dhateng panjenengan, lan
kula kinten saé menawi kita sami damel
prejanjian. Kula aturi sumpah,
29 bilih panjenengan mboten badhé
nandukakaken pendamel awon dhateng
kula, kados déné kula inggih mboten
badhé nandukakaken pendamel awon
dhateng panjenengan. Kula sampun
damel saé dhateng panjenengan,
sarta panjenengan késah tanpa kula
menapak-menapakaken. Kanggé kula

sampun cetha, bilih panjenengan menika
dipun ayomi déning Allah."
30 Iskak banjur nganakaké pésta
kanggo ngurmati Abimèlèh sakancané,
nuli padha mangan lan ngombé.
31 Ésuké Iskak lan Abimèlèh bebarengan
padha sumpah. Iskak nuli nguntapaké
tamuné nalika padha budhalan, sawisé
kuwi banjur padha pepisahan.
32 Ing dina iku uga baturé Iskak padha
teka lapur, yèn sumur sing padha
didhudhuk wis metu banyuné.
33 Iskak banjur njenengi sumur mau
"Séba," tegesé: Sumpah; mula kutha
ing kono disebut Bèrsyéba.
34 Nalika umur patang puluh taun Ésau
rabi karo prawan loro saka bangsa Hèt,
jenengé Yudit, anaké Beèri lan Basmat,
anaké Élon.
35 Wong wadon loro mau gawé susahé
Iskak lan Ribkah.

27 1 Kecrita nalika wis tuwa, Iskak
ing sawijining dina ngundang
Ésau, anaké mbarep, dikandhani, "Nggèr
anakku." Wangsulané Ésau, "Kula, pak."
2 Iskak banjur kandha mengkéné,
"Kowé ngerti yèn aku wis tuwa lan

mbokmenawa ora suwé menèh bakal
mati.
3 Mulané gendhéwa lan panahmu
jupuken, lan lungaa mbebedhag kéwan
ing alas.
4 Olahen sing énak kaya sing dadi
karemanku, mbanjur ladèkna mréné.
Sawisé dakpangan kowé bakal
dakberkahi; kuwi berkahku pungkasan
kanggo kowé sadurungé aku mati."
5 Ribkah krungu apa sing dikandhakaké
Iskak marang Ésau. Mulané bareng Ésau
wis mangkat mbebedhag.
6 Ribkah banjur kandha karo Yakub,
"Aku mau krungu bapakmu kandha karo
kakangmu Ésau mengkéné,
7 ‘Lungaa mbebedhag, aku olèhna
kéwan alas, kuwi olahen lan ladèkna
mréné. Sawisé rampung enggonku
mangan, aku bakal mberkahi kowé ana
ing ngarsané Pangéran, sadurungé aku
mati.’"
8 Ribkah nerusaké enggoné ngandhani
Yakub, anaké, "Mulané, nggèr, kandhaku
iki rungokna lan lakonana.
9 Lungaa menyang panthaning wedhus,
miliha cempé wedhus jawa loro sing

lemu, mengko dakolahé kaya sing dadi
karemané bapakmu.
10 Banjur aturna supaya didhahar, lan
sawisé mengkono kowé bakal diberkahi
sadurungé bapakmu tilar-donya."
11 Nanging Yakub mangsuli, "Bu,
kakang badanipun rak kebak rambut,
mangka kulit kula klimis.
12 Mangké yèn bapak nggrayangi badan
kula lan pirsa yèn kula apusi, kula rak
badhé mboten dipun berkahi, malah
badhé dipun ipat-ipati."
13 Pangucapé ibuné, "Nggèr, aja
kuwatir. Karebèn aku sing nyangga
ipat-ipaté. Kowé nglakonana apa sing
dakkandhakaké mau. Lungaa, njupuka
cempé-cempéné."
14 Yakub banjur lunga njupuk cempé
loro mau lan diaturaké marang
ibuné. Ribkah banjur ngolah masakan
senengané Iskak,
15 nuli njupuk sandhangané Ésau sing
apik dhéwé, sing disimpen ing omahé,
dienggokaké Yakub.
16 Lengen lan guluné Yakub sing klimis
kuwi ditutupi nganggo kulit cempé.
17 Daging sing wis diolah mau lan roti
panggangan banjur dikon ngladèkaké.

18 Sawisé mengkono Yakub banjur
mlebu ing kamaré bapakné lan matur,
"Bapak!" Wangsulané Iskak, "Kowé kuwi
sapa? Ésau apa Yakub?"
19 Yakub mangsuli, "Kula Ésau,
putranipun bapak ingkang mbajeng.
Dhawuhipun bapak wau sampun kula
lampahi. Mangga kula aturi lenggah lan
dhahar daging ingkang sampun kula
masak menika. Sesampunipun lajeng
kula aturi mberkahi kula."
20 Iskak banjur clathu, "Kokgelis
temen enggonmu olèh bedhagan,
nggèr?" Wangsulané Yakub, "Menika
mboten sanès margi saking berkahipun
Pangéran, Allah sesembahanipun
bapak."
21 Iskak banjur akon Yakub nyedhak,
"Nyedhaka mréné, nggèr. Awakmu
dakgrayangané, apa nyata kowé kuwi
anakku Ésau apa dudu."
22 Yakub banjur nyedhak, nuli
digrayangi bapakné. Pangucapé Iskak,
"Swaramu kokkaya swarané Yakub,
nanging tanganmu kaya tangané Ésau."
23 Enggoné pangling karo Yakub
kuwi merga tangané Yakub mau uga
dhiwut-dhiwut kaya tangané Ésau.

24 Sadurungé mberkahi, Iskak takon
menèh karo Yakub, "Apa kowé kuwi
anakku Ésau temenan?" Wangsulané
Yakub, "Inggih, leres!"
25 Iskak banjur kandha, "Aku jupukna
dagingé sairis. Sawisé dakpangan, kowé
nuli bakal dakberkahi." Yakub banjur
ngladèkaké dagingé, sawisé kuwi diaturi
ngunjuk anggur sethithik.
26 Iskak akon Yakub nyedhak,
pangucapé, "Nyedhaka mréné, nggèr.
Aku ambungen."
27 Bareng Yakub nyedhak lan ngambung
bapakné, Iskak ngambu gandané
sandhanganė Ésau. Yakub banjur
diberkahi, pangucapé, "Gandané anakku
kuwi kaya gandané lemah subur sing
binerkahan ing Gusti Allah.
28 Muga Allah maringana marang kowé
ebuning langit, lan bumi sing eloh. Muga
Panjenenganė maringi kowé gandum lan
anggur klawan lubèr!
29 Para bangsa padha ngawulaa marang
kowé lan nungkula ana ing ngarepmu.
Kowé mengkua sakèhé sanak-sedulurmu
lan anak-anaké biyungmu padha
ngurmatana marang kowé. Wong sing
nyupatani kowé kenaa ing supata, lan

wong sing mberkahi kowé diberkahana déning Allah."
30 Bareng Iskak wis rampung enggoné mberkahi, Yakub banjur mundur. Ora let suwé Ésau teka saka enggoné mbebedhag.
31 Kéwan bedhagané banjur diolah lan diladèkaké marang bapakné. Aturé, "Mangga lenggah pak, lan dhahar masakan daging angsal-angsalan kula mbebedhag, tumunten kersaa mberkahi kula!"
32 Iskak nuli takon, "Lho, kowé kuwi sapa?" Wangsulané Ésau, "Kula Ésau, putra mbajeng panjenengan."
33 Awaké Iskak sekojur gemeter, banjur takon, "Yèn ngono, sing nggawa masakan kéwan bedhagan mréné mau sapa? Masakané wis dakpangan sadurungé kowé teka. Banjur uga wis dakberkahi, berkahku pungkasan, lan berkah kuwi bakal tetep selawas-lawasé."
34 Bareng krungu tembungé bapakné mengkono mau Ésau banjur nangis kelara-lara merga kecuwan. Aturé marang bapakné, "Dhuh bapak, mugi

inggih kersa maringi berkah dhateng
kula."
35 Wangsulané Iskak, "Adhimu wis
mréné ngapusi aku lan ngrebut berkah
sing jané arep dakwènèhaké kowé."
36 Pangucapé Ésau, "Mula bener
jenengé Yakub.[c] Wis ping pindho iki
dhèwèké ngapusi aku. Biyèn wis ngakali
wewenangku dadi pembarep, saiki
berkah sing mesthiné kanggo aku
direbut." Aturé Ésau marang bapakné,
"Menapa bapak mboten kagungan
berkah sanèsipun kanggé kula?"
37 Wangsulané Iskak, "Yakub wis
dakdadèkaké bendaramu, lan sanak-
seduluré kabèh bakal ngawula marang
dhèwèké. Gandum lan anggur iya wis
dakwènèhaké. Kowé wis ora komanan
apa-apa, nggèr!"
38 Ésau adreng penjaluké marang
bapakné, "Menapa bapak namung
kagungan berkah menika thok?
Dhuh bapak, èstu kula ugi nyuwun
panjenengan berkahi." Ésau enggoné
njaluk mau karo nangis keranta-ranta.

---

[c]Yakub: mirsanana Kej 25:26.

39 Iskak banjur mangsuli, "Papan sing bakal kokenggoni kuwi cengkar, ora ana lemahé eloh lan ebun sing tumurun.
40 Srananing panganmu kuwi pedhang, nanging kowé bakal ngawula marang adhimu. Bisané luwar saka pamengkuné, yèn brontak nglawan dhèwèké."
41 Ésau gething banget karo Yakub, merga Yakub wis ngrebut berkah sing saka bapakné. Pangucapé Ésau ing batin, "Titènana, ora suwé menèh bapak bakal tilar-donya. Sawisé pelayadané rampung, Yakub bakal dakpatèni."
42 Bareng Ribkah ngerti rancangané Ésau sing mengkono mau, Yakub banjur diundang lan dikandhani, "Rungokna, kakangmu Ésau niyat arep males kowé; kowé arep dipatèni.
43 Énggal lungaa menyang panggonané kakangku Laban ing Haran,
44 lan mondhoka ana ing kono sawetara mangsa, nganti kakangmu lilih atiné.
45 Yèn wis, mengko aku bakal kongkonan wong mrana marani kowé. Apa aku dikon kélangan anak loro tunggal sedina!"
46 Ribkah banjur matur marang Iskak, "Kula mboten betah ngraosaken sémah-

sémahipun Ésau, tiyang-tiyang bangsa
Kenaan menika. Menawi Yakub inggih
angsal laré èstri Hèt kados menika, kula
aluwung pejah kémawon."

28 1 Iskak banjur ngundang Yakub.
Sawisé diberkahi banjur diweling
mengkéné, "Nggèr, aja pisan-pisan kowé
amèk bojo wong Kenaan.
2 Lungaa menyang tanah Mésopotamia,
ing omahé embahmu Bétuèl,
bapakné ibumu, lan amèka bojo
saka panunggalané anaké Laban,
kakangné ibumu.
3 Allah Kang Mahakwasa muga-muga
mberkahi enggonmu jejodhoan lan
maringi anak putu pirang-pirang, nganti
kowé dadi leluhuré bangsa akèh!
4 Muga-muga Pangéran mberkahi
kowé lan anak-turunmu, kaya enggoné
mberkahi marang Abraham. Muga-
muga tanah sing kokenggoni iki dadi
duwèkmu, kaya sing dijanjèkaké déning
Allah marang Abraham!"
5 Mengkono Iskak enggoné nglungakaké
Yakub menyang tanah Mésopotamia,
menyang panggonané Laban, anaké
Bétuèl, wong Aram. Ribkah, ibuné Yakub
lan Ésau, kuwi adhiné Laban.

6 Ésau ngerti yèn Iskak wis mberkahi
Yakub lan Yakub dikon lunga menyang
tanah Mésopotamia, supaya golèk bojo
wong saka kana. Lan iya ngerti yèn
enggoné mberkahi Yakub mau karo
diweling supaya aja pisan-pisan olèh
bojo wong Kenaan,
7 sarta Yakub nggugu marang pituturé
bapak lan ibuné lan lunga menyang
tanah Mésopotamia.
8 Merga saka kuwi Ésau ngerti yèn
Iskak satemené éwa karo wong-wong
wadon bangsa Kenaan.
9 Mulané Ésau banjur lunga nemoni
Ismaèl, anaké Abraham, lan ngepèk bojo
anaké Ismaèl, sing jenengé Mahalat,
adhiné Nébayot, diwayuh karo bojoné
tuwa.
10 Yakub mangkat saka Bèrsyéba
menyang tanah Haran.
11 Bareng srengéngéné surup, Yakub
tekan ing sawijining panggonan, banjur
nginep ana ing kono. Sawisé njupuk
watu dienggo bantal, Yakub banjur
nggléthak mapan turu.
12 Nuli ngimpi, lan sajroning ngimpi
weruh ana andha ngadeg ing bumi,
pucuké sundhul langit. Uga weruh

Malaékaté Allah padha munggah
mudhun ing andha mau.
13 Dumadakan Gusti Allah piyambak
jumeneng ana ing sisihé lan ngandika,
"Aku iki Allahé Abraham lan Iskak. Tanah
sing kokturoni iki bakal Dakparingaké
marang kowé lan anak-turunmu.
14 Anak-turunmu cacahé bakal kaya
lebuning bumi; bakal padha ngambra-
ambra sumebar tekan ngendi-endi. Para
bangsa bakal padha kaberkahan merga
saka kowé lan anak-turunmu.
15 Saparan-paranmu bakal Dakkanthi.
Kowé bakal Dakulihaké mréné. Lan kowé
ora bakal Daktinggal, nganti apa sing
Dakjanjèkaké marang kowé iki kelakon
kabèh."
16 Yakub banjur nglilir, pangucapé,
"Nyata Allah ana ing kéné. Mangka aku
ora nyana!"
17 Saka wediné dhèwèké muni,
"Panggonan iki wingit, awit Allah
dedalem ing kéné. Iki mesthi gapuraning
swarga!"
18 Ésuké, isih umun-umun Yakub
wis tangi. Watu sing dienggo bantal
turu banjur diedegaké kanggo tandha

pengéling-éling, sarta diesoki lenga
zaitun.
19 Panggonan mau dijenengi: Bètèl.[d]
Ing mauné jenengé Lus.
20 Yakub banjur janji ana ing ngarsané
Pangéran mengkéné, "Yèn Gusti Allah
nyata ngirid lakuku, lan ngreksa marang
aku, maringi aku pangan lan sandhang
penganggo,
21 apa déné ngulihaké aku, slamet
tekan omahé bapakku, Panjenengané
dakakoni dadi Allah lan pepundhènku.
22 Aku bakal nyaosaké saprasepuluhé
apa waé, sing diparingaké marang aku.
Déné watu sing dakdegaké iki bakal dadi
papan pamujan marang Allah."

29 1 Yakub banjur nerusaké lakuné,
ngener ing tanah sawétané
Kenaan.
2 Dumadakan weruh ana sumur ing
ara-ara, lan ing sacedhaké kono ana
wedhus telung pantha padha njerum,
merga ing sumur kono panggonané
wong padha ngombèkaké wedhusé.
Sumur mau ana tutupé watu gedhé.

---

[d]Bètèl: nama menika ing basa Ibrani tegesipun "Pedalemanipun Allah".

3 Yèn wedhusé wis nglumpuk kabèh,
lagi para pangon nyingkiraké watu
sing nutupi cangkemé sumur mau,
lan wedhusé padha diombèni. Yèn wis
rampung watu tutup mau dibalèkaké
menèh.
4 Yakub banjur ngaruh-aruhi para
pangon sing ana ing kono, "Sampéyan
niku tiyang pundi?" Wangsulané para
pangon, "Tiyang Haran."
5 Pitakoné Yakub menèh, "Napa
sampéyan tepang kalih Laban, anaké
Nahor?" Wangsulané, "Inggih tepang."
6 Pitakoné Yakub menèh, "Napa pak
Laban taksih wilujeng?" Wangsulané,
"Inggih. Lha nika, laré èstri sing nggiring
méndané mriki, nika Rahèl, putrané pak
Laban."
7 Pangucapé Yakub, "Niki rak taksih
siyang, kokméndané empun digiring
wangsul, niku sebabé napa? Napa
mboten saé diombèni, lajeng diengèn
malih?"
8 Wangsulané, "Dèrèng saged sami
ngombèni, yèn dèrèng sedaya sami
nglempak. Sebab séla sing nutupi
sumur niku kedah diangkat sesarengan,
digolingaké, ménda-ménda lajeng

diombèni. Menawi mboten sesarengan
kalih kanca kathah kita mboten kiyat
ngangkat sélané."
9 Sajroné isih caturan karo para pangon
mau, Rahèl teka nggiring wedhusé
bapakné.
10 Bareng weruh Rahèl, Yakub banjur
menyat menyang sumur. Watuné
diangkat lan disisihaké. Wedhus-
wedhusé nuli diombèni.
11 Sawisé kuwi banjur ngambung Rahèl,
karo nangis merga saka bungahé.
12 Tembungé Yakub, "Aku iki anaké
Ribkah, adhiné bapakmu."
13 Rahèl banjur énggal-énggal mulih,
ngandhani bapakné.
14 Bareng Laban krungu critané anaké
bab Yakub, keponakané, banjur ora
sranta, mlayu menyang sumur, arep
mbagèkaké. Yakub banjur dirangkul
lan diambungi, sarta diajak mlebu ing
omahé. Sawisé Yakub nyritakaké sakèhé
lelakoné, Laban banjur clathu, "Sejatiné
kowé kuwi isih kulit-dagingku dhéwé."
Yakub mondhok ana ing kono lawasé
nganti sesasi.
15 Ing sawijining dina Laban kandha
karo Yakub mengkéné, "Senajan kita

iki isih padha sedulur, kuwi ora ateges
yèn kowé nyambut-gawé ing kéné tanpa
dakopahi. Saiki kandhaa waé, kowé
njaluk opah pira?"
16 Déné Laban mau duwé anak wadon
loro; sing mbarep jenengé Léa, lan
adhiné jenengé Rahèl.
17 Léa mripaté mblalak, déné Rahèl
pawakané apik lan rupané ayu.
18 Yakub ngesir Rahèl, mulané kandha
karo Laban, tembungé, "Kula sagah
ngèngèr panjenengan pitung taun,
angger kula dipun parengaken kawin
kaliyan Rahèl."
19 Wangsulané Laban, "Ya kena. Luwih
becik dakwènèhaké kowé ketimbang
dakwènèhaké wong liya. Mulané wis
mèlua aku waé."
20 Yakub nglakoni ngèngèr pitung taun
supaya olèh Rahèl. Kanggoné Yakub
pitung taun mau mung kaya sawetara
dina, kagawa saka tresnané marang
Rahèl.
21 Yakub banjur matur marang Laban,
"Wekdal kula ngèngèr sampun rampung.
Keparenga kula samenika kawin kaliyan
kang putra Rahèl."

22 Laban banjur mantu gedhèn lan
ngulemi kenalané kabèh.
23 Bengi kuwi sing ditemokaké karo
Yakub dudu Rahèl, nanging Léa, lan kuwi
sing dikumpuli Yakub.
24 Laban nggawani Léa batur wadon,
jenengé Zilpa.
25 Lagi ésuké Yakub ngonangi, yèn sing
dikumpuli turu kuwi Léa. Banjur marani
Laban lan matur, "Menika kadospundi?
Enggèn kula ndhèrèk panjenengan
menika rak supados angsal Rahèl?
Kénging menapa panjenengan ngapusi
kula?"
26 Wangsulané Laban, "Miturut adat ing
kéné sing enom ora kena diningkahaké
dhisik nglangkahi sing tuwa.
27 Ngentènana nganti kraméan pitung
dina iki rampung. Mengko Rahèl uga
dakwènèhaké marang kowé, angger
kowé gelem ngèngèr aku pitung taun
lawasé."
28 Yakub manut. Sawisé kraméan mantu
rampung, Laban mènèhaké Rahèl,
anaké, dadi bojoné Yakub.
29 Kejaba kuwi Laban mènèhaké
batur-tukon sing jenengé Bilha.

30 Rahèl uga dikumpuli, malah luwih
ditresnani ketimbang Léa. Yakub
nyambung enggoné nyambut-gawé mèlu
Laban pitung taun lawasé.
31 Bareng Gusti Allah mirsa, yèn Léa ora
pati ditresnani kaya Rahèl, Léa diparingi
anak, nanging Rahèl ora.
32 Léa ngandheg lan mbabar anak
lanang. Tembungé, "Allah wis mirsani
kasusahanku, lan saiki bojoku bakal
tresna karo aku." Mulané bocah mau
banjur dijenengaké Rubèn.[e]
33 Sawisé kuwi Léa ngandheg menèh
lan mbabar anak lanang. Léa banjur
muni, "Pangéran wis midhanget yèn
aku dikiwakaké, mulané aku ditambahi
anak." Bocah mau banjur dijenengaké:
Siméon.[f]
34 Léa ngandheg menèh lan mbabar
anak lanang. Tembungé, "Bojoku bakal
luwih kecancang marang aku, awit saiki

---

[e]Rubèn: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani, ingkang tegesipun: "delengen, anak lanang" lan "wis mirsani kasusahanku".

[f]Siméon: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani, ingkang tegesipun: "krungu".

anakku lanang telu." Bocah mau banjur
dijenengaké: Lèwi.[g]
35 Sawisé kuwi Léa ngandheg menèh lan
mbabar anak lanang. Tembungé, "Saiki
aku arep memuji marang Pangéran."
Bocah mau banjur dijenengaké:
Yéhuda.[h] Sawisé kuwi Léa ora duwé
anak menèh.

30

1 Rahèl ora duwé-duwé anak.
Mulané mèri karo mbakyuné.
Banjur kandha karo Yakub, "Aku
wènèhana anak; yèn ora, aku trima
mati."
2 Yakub nepsu karo Rahèl. Tembungé,
"Aku rak dudu Allah. Allah sing ora
marengaké kowé duwé anak."
3 Rahèl banjur mangsuli, "Wis, iki Bilha,
baturku, kumpulana, supaya duwé anak.
Mengko anaké dakpèké."
4 Bilha, baturé mau nuli diwènèhaké
marang Yakub supaya dipèk bojo. Yakub
banjur ngumpuli Bilha,
5 temah Bilha ngandheg lan mbabar
anak lanang.

---

[g]Lèwi: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani, ingkang tegesipun: "kecancang".

[h]Yéhuda: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani, ingkang tegesipun: "puji".

6 Pangucapé Rahèl, "Allah mbélani aku.
Panyuwunku dijurungi; aku diparingi
anak lanang." Bocah mau banjur
dijenengaké: Dhan.[i]
7 Bilha banjur ngandheg menèh lan
mbabar anak lanang sing kapindho.
8 Pangucapé Rahèl, "Aku wis
memungsuhan karo mbakyuku
ngrebut berkahé Allah lan aku menang."
Mulané bocahé dijenengaké: Naftali.[j]
9 Bareng Léa ngerti yèn enggoné duwé
anak wis mandheg, banjur mènèhaké
Zilpa marang Yakub supaya dipèk bojo.
10 Zilpa banjur duwé anak lanang.
11 Pangucapé Léa, "aku wis bathi";
mulané bocah mau banjur dijenengaké:
Gad.[k]
12 Zilpa duwé anak lanang menèh.
13 Léa banjur ngucap, "Wah begja
temen aku iki"; mulané bocah mau
dijenengaké: Asyèr.[l]

---

[i]Dhan: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani, ingkang tegesipun: "mbélani".

[j]Naftali: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani, ingkang tegesipun: "memungsuhan".

[k]Gad: nama menika ing basa Ibrani tegesipun: "bathi".

[l]Asyèr: nama menika ing basa Ibrani tegesipun: "begja".

14 Nalika mangsané panèn gandum,
Rubèn nemu tanduran dudai[m] ing
pategalan. Tanduran mau diwènèhaké
marang Léa, ibuné. Rahèl nembung
marang Léa, "Aku mbok njaluk tanduran
sing ditemu anakmu kuwi, sethithik
waé."
15 Wangsulané Léa, "Apa durung cukup
enggonmu mbujuki bojoku? Isih arep
njaluk tanduran dudai iki?" Rahèl genti
mangsuli, "Wis ta, aku wènèhana
tanduran kuwi sethithik, mengko bengi
Yakub karebèn turu karo kowé."
16 Bareng Yakub soréné mulih saka
pategalan, Léa methukaké karo muni,
"Bengi iki kowé kudu turu karo aku,
merga aku wis mbayar nganggo
tanduran dudai saka anakku." Bengi
kuwi Yakub ngumpuli Léa.
17 Gusti Allah njurungi panyuwuné Léa,
mulané Léa ngandheg lan mbabar anak
lanang sing kalima.
18 Pangucapé Léa, "Allah wis mberkahi
aku, merga aku mènèhaké Zilpa

---

[m]dudai: taneman ingkang saged dipun damel jampi. Ing basa Ibrani namanipun "dodayim". Taneman menika dipun anggep nggadhahi khasiat saged nyuburaken rahim.

marang bojoku." Mulané bocah mau
dijenengaké: Isakar.[n]
19 Léa ngandheg menèh lan mbabar
anak lanang kang kanem.
20 Pangucapé, "Allah wis paring
ganjaran sing éndah marang aku.
Saiki bojoku bakal ora ngrèmèhaké
aku, merga aku wis awèh anak lanang
enem." Bocah mau banjur dijenengaké:
Zébulon.[o]
21 Sawisé kuwi Léa isih duwé anak
menèh, wadon, dijenengaké: Dina.
22 Gusti Allah ngèngeti marang Rahèl,
lan nyembadani panyuwuné. Rahèl
diparingi subur,
23 temahan ngandheg lan mbabar anak
lanang. Pangucapé Rahèl, "Gusti Allah
wis mbuwang wirangku srana maringi
anak lanang marang aku.

---

[n]Isakar: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani ingkang tegesipun: "batur séwan," "ana pituwas".

[o]Zébulon: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani, ingkang tegesipun: "tampa" lan "ganjaran".

24 Muga-muga aku diparingi anak
lanang siji engkas." Mulané bocah mau
dijenengaké: Yusuf.[p]
25 Bareng Rahèl wis duwé anak Yusuf,
Yakub nembung karo Laban, "Keparenga
kula wangsul dhateng negari kula malih.
26 Sémah-sémah lan anak-anak kula,
ingkang kula labeti kalayan ngèngèr
panjenengan, kula suwun; lan keparenga
kula késah saking ngriki. Panjenengan
pirsa bilih kula sampun nyambut-damel
kanthi tumemen."
27 Nanging Laban mangsuli, "Rungokna
nggèr. Aku olèh sasmita, yèn enggonku
kaberkahan déning Allah iki merga saka
kowé.
28 Mulané munia waé kowé njaluk opah
pira, mesthi dakturuti."
29 Yakub genti mangsuli, "Panjenengan
pirsa piyambak kadospundi enggèn kula
nyrempeng nyambut-damel. Raja-kaya
panjenengan mindhak dados kathah
mergi saking pangrimat kula.

---

[p]Yusuf: nama menika ungelipun kados tembung Ibrani ingkang tegesipun: "muga-muga aku diparingi anak lanang siji engkas" lan "Gusti Allah wis mbuwang wirangku".

30 Sadèrèngipun kula dhateng mriki
bandha panjenengan mboten sepintena.
Mangka samenika dados kathah sanget.
Gusti Allah sampun paring berkah kathah
dhateng panjenengan margi saking kula.
Samenika kula kepéngin nyambut-damel
kanggé brayat kula piyambak."
31 Pitakoné Laban, "Kowé njaluk apa?"
Aturé Yakub, "Kula mboten nyuwun épah
menapa-menapa. Kula sagah ngrimati
ménda-ménda panjenengan malih,
uger panjenengan nyarujuki usul kula
mekaten:
32 Keparenga kula ningali ménda
panjenengan sedaya lan misahaken
ménda gèmbèl ingkang cemeng lan
ménda jawi ingkang wonten blentong
utawi wonten tutulipun. Menika ingkang
kula suwun minangka épahan kula.
33 Mbénjing panjenengan saged mirsani
menapa kula temen saèstu menapa
mboten. Menawi panjenengan dhateng
mriksa gadhahan kula, gampil kémawon
enggèn panjenengan nitik. Saupami kula
ngantos gadhah ménda jawi ingkang
mboten wonten blentongipun utawi
tutulipun, lan malih gadhah ménda
gèmbèl ingkang mboten cemeng,

ménda-ménda menika mesthi enggèn
kula nyolong."
34 Laban mangsuli, "Ya wis, aku
nyarujuki usulmu kuwi."
35 Ing dina iku uga Laban misahaké
wedhus jawa lanang, sing ana blentongé
utawa tutulé, mengkono uga wedhus
jawa wadon sing ana blentongé utawa
tutulé, lan sakèhé wedhus gèmbèl sing
ireng; wedhus-wedhus mau dipisahaké,
banjur dititipaké marang anak-anaké.
36 Wedhus-wedhus mau digawa lunga
ngedohi panggonané Yakub, adohé
wetara lakon telung dina; Yakub mung
kena ngengon wedhus-wedhus liyané.
37 Sawisé kuwi Yakub banjur
nglumpukaké pang-pangé wit hawar,[q]
badam lan berangan. Kulité pang-pang
mau sapérangan diklothoki, nganti dadi
plonthang, putih lan ijo.
38 Pang-pang plonthang mau banjur
disèlèhaké ana ing panggonané wedhus-
wedhus mau padha ngombé, merga
lumrahé wedhus-wedhus mau yèn arep
ngombé padha kawinan.

---

[q]wit hawar: kajeng libnah; kajeng badam: kajeng lus; kajeng hawar: kajeng armon.

39 Wedhus-wedhus sing padha kawinan
ing sacedhaké pang-pang mau yèn
manak anaké mesthi ana sing blentong,
ana sing tutul lan ana sing ireng.
40 Yakub banjur misahaké wedhus-
wedhus gèmbèl saka wedhus-wedhus
jawa. Wedhus-wedhus gèmbèl mau
nuli diwor karo wedhus jawa sing ana
blentongé, sing tutul utawa sing ireng.
Srana mengkono Yakub duwé pepanthan
wedhus dhéwé, lan ora diemoraké karo
pepanthané wedhusé Laban.
41 Ing kalané kéwan-kéwan sing rosa
arep padha kawinan, Yakub masang
pang-pang sing kulité sapérangan
diklèthèki ana ing ngarepé kéwan-kéwan
mau lan ana ing wadhah pakané.
42 Nanging pang-pang mau ora
dipasang ana ing ngarepé kéwan-kéwan
sing ringkih. Mulané Laban mung olèh
kéwan sing putih lan ringkih, déné Yakub
olèh kéwan sing rosa, sing rupané ireng,
ana blentongé, utawa ana tutulé.
43 Srana mengkono Yakub dadi wong
sugih banget. Duwé batur akèh, lanang
lan wadon, sarta wedhus, unta lan kuldi
sepirang-pirang.

31

[1] Yakub tau krungu anak-anaké
lanang Laban padha rasanan
mengkéné, "Yakub kuwi nguriki barang
darbèké bapak; olèhé sugih kuwi rak
merga ngakali bapak."
[2] Yakub uga krasa yèn ulaté Laban wis
ora sumèh kaya sabené.
[3] Gusti Allah nuli ngandika marang
Yakub, "Muliha menyang negarané
bapakmu lan sanak-sedulurmu. Aku
bakal nganthi kowé."
[4] Sawisé mengkono Yakub banjur
ngajak Rahèl lan Léa rembugan ana ing
pangonané wedhus-wedhus.
[5] Kandhané Yakub, "Daksawang kaya-
kaya bapakmu saiki wis ora seneng karo
aku. Nanging Gusti Allah sing disembah
bapakku nganthi aku.
[6] Kowé padha ngerti dhéwé, yèn
enggonku nyambut-gawé kanggo
bapakmu iki ora baèn-baèn, aku ngetog
tenagaku temenan.
[7] Éwasemono bapakmu ngapusi aku
lan opahku digonta-ganti rambah
ping sepuluh. Tujuné Gusti Allah ora
marengaké yèn aku nganti rugi.
[8] Nalika Laban kandha karo aku,
'Wedhus sing ana blentongé kuwi sing

dadi opahmu,’ banjur wedhus kabèh
angger manak, anaké ana blentongé.
Nalika Laban muni, ‘Wedhus sing lorèng
kuwi dadi opahmu,’ nuli sakèhing wedhus
sing manak, anaké lorèng.
9 Mengkono Gusti Allah enggoné
mundhut raja-kayané bapakmu lan
diparingaké aku.
10 Nalika mangsané wedhus padha
kawinan, aku sajroning impèn weruh
kabèh wedhus lanang sing kawinan
kuwi rupané lorèng-lorèng, utawa ana
blentongé lan ana tutulé.
11 Ing sajroning impèn mau Malaékaté
Allah ngandika marang aku, ‘Yakub’, Aku
mangsuli, ‘Kula, Gusti’.
12 Malaékat mau banjur nerusaké
ngandika, ‘Delengen, kabèh wedhus
lanang sing kawinan rupané lorèng
utawa ana blentongé. Kuwi Dakgawé
mengkono, merga Aku weruh
sapenggawéné Laban marang kowé.
13 Aku iki Allah sing biyèn ngetingal
marang kowé ana ing Bètèl; ing kana
kowé biyèn ngedegaké watu kanggo
pengéling-éling, sing kokesoki lenga
zaitun. Ana ing kana kowé wis kelair

janjimu karo Aku. Saiki kowé mangkata,
balia menyang negara kelairanmu!'"
14 Léa lan Rahèl banjur padha mangsuli,
"Aku rak wis padha ora arep nampa
warisan apa-apa saka bapak.
15 Aku wis padha dianggep wong liya.
Aku rak wis padha diedol, lan pepayoné
rak wis ditampani, malah wis dientèkaké.
16 Kabèh bandha sing dipundhut Gusti
Allah saka bapak, kuwi dadi duwèkku lan
duwèké anak-anakku. Wis, tindakna apa
sadhawuhé Gusti Allah!"
17 Yakub banjur tata-tata. Anak lan
bojoné padha ditunggangaké untané.
18 Kabèh raja-kayané lan sebarang-
darbèké enggoné olèh ana ing tanah
Mésopotamia digawa lunga menyang
tanah Kenaan, panggonané Iskak,
bapakné.
19 Nalika semono Laban lagi lunga
nyukur wedhus-wedhusé. Rahèl banjur
nyolong reca, sing kanggo ngreksa
omah, duwèké bapakné.
20 Déné Yakub nglimpèkaké Laban,
mula mangkaté tanpa pamit.
21 Lungané Yakub kesusu-susu, nggawa
sebarang darbèké kabèh. Bareng wis

nyabrang Bengawan Éfrat lakuné banjur ngener ing pegunungan Giléad.
22 Let telung dina lagi ana sing ngandhani Laban yèn Yakub lunga.
23 Laban banjur nglumpukaké sanak-seduluré diajak nututi Yakub. Sawisé pitung dina Yakub ketututan ing pegunungan Giléad.
24 Nanging ing wayah bengi Gusti Allah ngetingal marang Laban lan ngandika mengkéné, "Kowé aja wani-wani ngganggu gawé Yakub."
25 Nalika semono Yakub wis pasang kémah ana ing salah sawijining punthuk. Laban lan wong-wongé pasang kémah ana ing punthuk liyané, ing panggonan kono uga.
26 Laban kandha karo Yakub mengkéné, "Yagéné kowé kokngakali aku, anak-anakku wadon kokgawa mlayu kaya wong bandhangan.
27 Yagéné aku kokakali lan lungamu ngglenes tanpa pamit? Saupama kowé pamit, rak ya mesthi dakidini lan dakuntapaké klawan bungah, dakiringi nganggo terbang lan clempung?

28 Apa aku ora olèh ngrangkul anak-
putuku sadurungé pepisahan? Kowé
kuwi ora lumrah wong!
29 Yèn aku gelem, aku bisa gawé
ngrekasamu, dalah sabrayatmu pisan.
Nanging dhèk bengi Allahé bapakmu
ngélingaké aku, supaya aja pisan-pisan
aku ngganggu gawé kowé.
30 Aku ngerti yèn lungamu merga
kangen karo negaramu; nanging apa
sebabé kowé koknyolong recaku, sing
dakenggo ngreksa omahku?"
31 Wangsulané Yakub, "Enggèn kula
késah dhedhemitan menika mergi kula
ajrih, mbokbilih panjenengan njabel
anak-anak panjenengan.
32 Bab reca panjenengan, menawi ing
ngriki wonten tiyang ingkang mendhet,
tiyang menika prayogi kaukum pejah.
Mangga kula aturi mriksa barang-barang
kula sedaya. Menawi wonten, mangga
kula aturi mundhut. Lan tiyang-tiyang
sami neksènana." Yakub ora ngerti yèn
sing njupuk reca mau Rahèl.
33 Laban banjur mlebu lan nggglédhah
kémahé Yakub. Banjur mlebu ing
kémahé Léa lan kémahé baturé loro,

nanging recané ora ketemu. Sawisé kuwi Laban banjur mlebu ing kémahé Rahèl.
34 Nanging Rahèl ngumpetaké reca mau ana ing kanthonging lapaké untané; lapak mau banjur dilungguhi. Laban ngglédhahi kémahé Rahèl kabèh, nanging ora nemokaké recané.
35 Rahèl banjur matur marang bapakné, "Nyuwun duka, déné kula linggih kémawon, mergi kula nembé wulanan."[r] Senajan enggoné ngglédhahi nganti njlimet, Laban tetep ora bisa nemokaké recané.
36 Saiki gentèn Yakub sing nepsu karo Laban, aturé, "Lepat kula menapa? Kula nerak prenatan menapa déné panjenengan kokngantos ngoyak-oyak kula?
37 Prabotipun griya kula sedaya panjenengan glédhahi, menapa wonten barang kagungan panjenengan ingkang katut kula bekta? Kula aturi nyèlèhaken wonten ing ngriki, supados tiyang-tiyang kula lan tiyang-tiyang panjenengan sami neksèni sinten ingkang leres, kula menapa panjenengan.

---

[r]wulanan: garap sari: datang bulan (bhs. Ind.).

38 Rak sampun kalihdasa taun laminipun
enggèn kula ngèngèr panjenengan,
menapa wonten ménda panjenengan
ingkang kluron? Lan malih menapa naté
kula nedha ménda jaler panjenengan,
setunggal kémawon?
39 Saben wonten ménda pejah
kamangsa kéwan galak mesthi kula
lintoni piyambak. Mboten naté kula
lapur dhateng panjenengan lan mbekta
ménda ingkang pejah wau kanggé
mbuktèkaken bilih kula mboten lepat.
Panjenengan nempahaken dhateng kula
ménda ingkang dipun pendhet tiyang
siang utawi dalu.
40 Kados mekaten kawontenan kula
selaminipun ngèngèr panjenengan, siang
asring kebentèren, dalu kasrepen. Malah
asring mboten ngliyep sedalu muput.
41 Kados mekaten kawontenan
kula sedangunipun kula ngèngèr
panjenengan kalihdasa taun laminipun.
Ingkang kawanwelas taun kanggé
lintu anak panjenengan kalih, lan nem
taun supados pikantuk ménda-ménda
menika. Mangka salebetipun kula
ngèngèr, panjenengan sampun ngéwahi
épah kula ngantos kaping sedasa.

42 Saupami kula mboten dipun
ayomi déning Allahipun leluhur kula
Abraham lan Iskak, temtu kula sampun
panjenengan késahaken nglenthung.
Nanging Gusti Allah sampun mirsani
kasisahan kula lan pedamelan ingkang
kula lampahi, lan kala wau dalu sampun
maringi katemtuanipun."
43 Laban banjur mangsuli, "Wong wadon
loro iki apa dudu anakku; anak-anaké
apa dudu duwèkku, lan wedhus-wedhus
kuwi kabèh apa iya dudu duwèkku?
Sejatiné kabèh sing ana ing kéné iki
duwèkku. Nanging sarèhné aku ora bisa
nggondhèli anak-anakku,
44 mula beciké aku lan kowé padha
gawé prejanjian waé. Ayo padha numpuk
watu minangka tugu pengéling-éling
sing neksèni anané prejanjian kita."
45 Yakub banjur njupuk watu diedegaké
dadi pengéling-éling.
46 Banjur akon wong-wongé
nglumpukaké watu digawé tumpukan.
Sawisé mengkono banjur padha mangan
ing sacedhaké kono.
47 Laban njenengi tumpukan watu mau:
Yégar-Sahaduta, nanging Yakub olèhé
njenengi: Galèd.

48 Tembungé Laban marang Yakub,
"Tumpukan watu iki dadia pengéling-
éling kanggo aku lan kowé." Mulané
panggonan kono disebut: Galèd.
49 Iya disebut: Mizpa,[s] merga Laban
kandha, "Muga-muga Gusti Allah
ngreksa marang kita sajroné kita padha
urip dhéwé-dhéwé."
50 Clathuné Laban menèh, "Anak-
anakku aja koksiya-siya lan aja padha
kokwayuh. Senajan aku ora weruh,
nanging élinga yèn Allah sing dadi seksi
ing antarané aku lan kowé.
51 Watu-watu sing ditumpuk iki dadia
pengéling-éling,
52 lan dadia seksi, yèn aku ora kena
ngliwati tumpukan watu kuwi kanthi niat
arep nglawan kowé. Semono uga kowé
ora kena ngliwati tumpukan watu kuwi
kanthi niat arep nglawan aku.
53 Allah sesembahané Abraham lan
sesembahané Nahor muga ngadili aku
lan kowé." Yakub iya banjur sumpah
demi Allah, sesembahané Iskak,
bapakné, yèn bakal netepi prejanjian
mau klawan temen-temen.

---

[s]Mizpa: dipun jagi, dipun reksa.

54 Yakub banjur saos kurban obongan
ana ing gunung kono karo ngundang
sanak-seduluré, diajak mangan
bebarengan. Sawisé mangan padha
nginep ana ing gunung kono.
55 Ésuké, isih umun-umun, Laban wis
tangi; sawisé ngambungi anak-putuné
banjur mangkat, mulih menyang ing
omahé dhéwé.

32 1 Yakub banjur nerusaké lakuné.
Dumadakan weruh ana Malaékaté
Pangéran sawetara padha methukaké.
2 Yakub banjur clathu, "Iki Pedalemané
Allah." Mulané panggonan mau
dijenengi: Mahanaim.
3 Sawisé kuwi Yakub banjur kongkonan
wong sawetara ndhisiki lakuné menyang
tanah Édom, nemoni Ésau, kakangné.
4 Kongkonan mau padha diweling
mengkéné, "Matura karo bendaraku
Ésau, ‘Kang abdi Yakub matur mekaten:
Kula ngaturi pirsa, bilih sadangunipun
menika kula ngèngèr Laban.
5 Samangké kula gadhah lembu, kuldi,
ménda gèmbèl lan ménda jawi, tuwin
réncang sawetawis. Enggèn kula ngaturi
pirsa menika mboten sanès supados

pisowan kula menika ndadosaken rena
panjenengan.'"
6 Nalika bali, kongkonan mau padha
matur, "Kula sampun kepanggih kaliyan
kang raka Ésau, samenika sampun
bidhal methukakaken panjenengan,
kadhèrèkaken tiyang kawan atus."
7 Krungu aturé para kongkonan mau
Yakub wedi banget. Para baturé,
mengkono uga wedhusé gèmbèl lan
wedhus jawa, sapi lan untané dipérang
dadi rong pantha.
8 Pangunandikané, "Saupama Ésau
nempuh sing sapantha, digawé ludhes,
saora-orané sing liyané bisa oncat."
9 Yakub ndedonga, "Dhuh Allah, ingkang
dipun sembah leluhur kula Abraham lan
Iskak; mugi kersa miyarsakaken atur
kula! Panjenengan piyambak ingkang
paring dhawuh, supados kula wangsul
dhateng negari kula lan sanak-sedhèrèk
kula. Panjenengan sampun prejanji
badhé ngirid lampah kula wangsul kanthi
wilujeng.
10 Kula mboten pantes nampi sih lan
kasetyan ingkang tumanduk dhateng
kula. Nalika kula mangkat, nyabrang
Lèpèn Yardèn, kula mboten mbekta

menapa-menapa, kejawi teken. Mangka
samangké kula wangsul mbekta
pepanthan kalih menika.
11 Adreng panyuwun kula, mugi
kaluwarana saking tanganipun kakang
kula Ésau. Kula ajrih mbokbilih mangké
nempuh lan nggecak kula sedaya, para
tiyang èstri lan laré-laré.
12 Mugi Panjenengan ngèngeti janji
Panjenengan, bilih Panjenengan
badhé ngirid lampah kula wangsul
dhateng panggènanipun bapak kula
kanthi wilujeng. Sarta Panjenengan
badhé maringi anak-turun kathah,
ngantos mboten saged kaétang, mergi
kathahipun kados wedhi ing gisiking
seganten."
13 Yakub nginep ana ing kono. Nuli
nisihaké raja-kayané sapérangan,
kagawé atur-atur marang Ésau,
kakangné.
14 Atur-atur mau rupa wedhus wadon
rong atus, wedhus lanang rong puluh,
wedhus gèmbèl wadon rong atus,
wedhus gèmbèl lanang rong puluh,
15 unta sing isih nusoni telung puluh,
saanaké pisan, sapi wadon patang puluh,

sapi lanang rolas, kuldi wadon rong
puluh lan kuldi lanang sepuluh.
16 Kéwan-kéwan mau dipantha-pantha
lan saben panthané dipasrahaké marang
batur siji; karo diweling mengkéné,
"Mlakua ndhisiki lakuku. Antarané
pepanthan siji lan sijiné kudu ana leté."
17 Batur sing ana ing ngarep dhéwé
diweling mengkéné, "Mengko yèn
kepethuk kakangku Ésau lan ditakoni,
‘Bendaramu sapa? Kéwan-kéwan iki
duwèké sapa?’,
18 wangsulana, ‘Gadhahanipun kang
abdi Yakub. Menika atur-atur kanggé
Ésau, bendaranipun. Kang abdi Yakub
piyambak ngetutaken wonten wingking.’"
19 Batur sing kapindho, katelu lan
kabèh sing kapasrahan pepanthan mau
diweling padha: Yèn kepethuk Ésau
dikon matur,
20 "Kang abdi Yakub piyambak mlampah
ngetutaken wonten wingking." Pikirané
Yakub, "Muga-muga srana atur-atur
iki Ésau lilih atiné, lan yèn mengko
ketemu karo aku, wis bisa ngapura
kaluputanku."

21 Mengkono atur-atur mau mlaku
ndisik, lan Yakub dhéwé bengi kuwi kèri,
nginep ana ing kémah.
22 Ing bengi kuwi uga Yakub tangi lan
nyabrangaké bojoné loro sarta seliré loro
tuwin anaké sewelas, ing Kali Yabok.
23 Nuli iya nyabrangaké sabarang
darbèké kabèh.
24 Nanging Yakub dhéwé kèri ijèn ana
ing kémah. Dumadakan ana wong lanang
teka nggelut Yakub nganti ngarepaké
byar.
25 Bareng ora bisa ngalahaké Yakub,
wong mau banjur muntir cethiké Yakub
nganti kesléo.[t]
26 Clathuné wong mau, "Aku culna,
iki wis arep byar." Wangsulané Yakub,
"Panjenengan mboten badhé kula
culaken, menawi dèrèng mberkahi kula."
27 "Jenengmu sapa?," pitakoné wong
mau. Wangsulané, "Yakub."
28 Clathuné wong mau, "Jenengmu aja
disebut Yakub menèh, nanging Israèl;
merga kowé wis gelut karo Allah lan karo
manungsa, mangka menang."
29 Yakub genti takon, "Asma
panjenengan sinten?" Nanging

---

[t]kesléo: kecethit.

diwangsuli, "Kowé ora prelu takon
jenengku!" Yakub banjur diberkahi.
30 Pangunandikané Yakub, "Aku wis
ketemu karo Allah adu-arep, éwasemono
isih lestari urip." Mulané panggonan mau
dijenengi Pnièl.
31 Bareng srengéngéné mlethèk Yakub
banjur mangkat. Lakuné pincang, merga
cethiké kesléo.
32 Tekan sepréné wong Israèl, anak-
turuné Yakub, padha ora mangan daging
sing ana ing cethik, merga cethiké Yakub
kesléo nalika gelutan karo Allah mau.
33 1 Yakub weruh Ésau teka saka
kadohan, ditutaké wong patang
atus. Anak-anaké dikon mèlu ibuné
dhéwé-dhéwé, yakuwi Léa, Rahèl lan
abdiné loro.
2 Selir-selir karo anak-anaké mlaku
ana ing ngarep dhéwé, banjur Léa karo
anak-anaké, nuli Rahèl lan Yusuf ana ing
mburi dhéwé.
3 Déné Yakub mlaku ana ing ngarepé
iring-iringan mau. Bareng tekan ngarepé
Ésau, Yakub banjur sujud ping pitu.
4 Nanging Ésau mlayoni methukaké.
Yakub dirangkul lan diambungi.
Loro-loroné padha tangis-tangisan.

5 Bareng weruh wong wadon-wadon lan
bocah-bocah Ésau takon, "Sing padha
mèlu kowé iki sapa?" Wangsulané Yakub,
"Menika anak-anak kula, kanugrahan
peparingipun Pangéran."
6 Selir loro karo anak-anaké banjur
padha maju sujud.
7 Nuli Léa karo anak-anaké, lan
pungkasan dhéwé Rahèl karo Yusuf.
8 Pitakoné Ésau, "Panthan-panthan
kéwan sing kepethuk aku mau apa
karepé?" Wangsulané Yakub, "Menika
kula saosaken kagem klangenan."
9 Nanging Ésau clathu, "Dhi, aku wis
kecukupan samubarang. Kowé ora susah
mènèhi apa-apa."
10 Yakub adreng aturé, "Mbok sampun,
menawi panjenengan rena ing penggalih
kersaa nampi menapa ingkang kula
aturaken menika. Menggahing kula,
kabingahan mergi saged kepanggih
panjenengan sarta nampèni kesaénan
panjenengan menika kados sumerep
Gusti Allah piyambak.
11 Mila kersaa nampi bebingah kula
menika. Gusti Allah sampun nresnani
kula, sarta maringi samukawis ingkang

kula betahaken." Merga saka adrengé
Yakub, Ésau gelem nampani hadiah mau.
12 Ésau banjur clathu, "Wis ayo padha
budhal, nerusaké laku. Aku dakmlaku
ana ngarep."
13 Wangsulané Yakub, "Matur nuwun,
namung kula aturi menggalih, bilih
laré-laré menika taksih ringkih lan
kathah kéwan ingkang sami nesepi.
Menawi kula dipunsesa lampahipun,
senajan namung sedinten kémawon,
temtu badhé sami pejah.
14 Mila kula aturi tindak rumiyin, kula
badhé mlampah lon-lonan satétahipun.
Wosipun kula lan kéwan-kéwan tuwin
laré-laré menika sasaged-saged énggal
sowan panjenengan wonten ing Édom."
15 Wangsulané Ésau, "Ya wis, yèn
mengkono karebèn wong-wongku
sawetara ana sing mbarengi lakumu."
Nanging Yakub clathu, "Kula kinten
mboten prelu. Kula sampun bingah
sanget panjenengan rena ing penggalih
kersa kepanggih kaliyan kula."
16 Mengkono ing dina mau Ésau mulih
menyang Édom.
17 Déné Yakub nerusaké lakuné ngener
ing Sukot, banjur pasang kémah ana ing

kono, lan gawé kandhang kanggo ngéyub
kéwan-kéwané. Mulané panggonan mau
dijenengaké: Sukot.
18 Yakub kelakon bali saka tanah
Mésopotamia tekan kuthané Sikèm, ing
tanah Kenaan, kanthi slamet. Banjur
pasang kémah ing sacedhaké kutha.
19 Lemah sing dienggoni mau dituku
saka anak-anaké Hamor, bapakné
Sikèm, rega satus dhuwit slaka.
20 Yakub banjur ngedegaké mesbèh ana
ing kono lan dijenengi: "Allahé Israèl iku
Allah."

34 1 Ing sawijining dina Dina, anaké
Léa karo Yakub, dolan karo
bocah-bocah wadon Kenaan.
2 Nalika Sikèm, anaké Hamor wong
Hèwi, sing dadi raja ana ing kono,
weruh, Dina banjur diculik lan dipeksa
dikumpuli.
3 Sikèm mau kepéncut karo Dina, anaké
Yakub, mula bocah wadon mau dirimuk
arep dipèk bojo.
4 Sikèm kandha karo bapakné, "Bapak
kula aturi mbudidaya, supados laré èstri
menika dados sémah kula."
5 Yakub krungu yèn anaké wadon wis
dirusuhi, nanging sarèhné anak-anaké

lagi padha angon wedhus-wedhusé ana
ing ara-ara, dadi mung meneng waé,
ngentèni yèn anaké wis padha teka.
6 Hamor, bapakné Sikèm teka, arep
rembugan karo Yakub.
7 Nalika semono anak-anaké Yakub
pinuju teka saka pangonan. Bareng
padha krungu bab lelakon mau padha
kagèt banget lan sanalika muntab. Sebab
srana tumindaké, meksa ngumpuli anaké
Yakub mau, Sikèm gawé wirangé wong
Israèl kabèh.
8 Hamor kandha karo Yakub mengkéné,
"Anak kula Sikèm kepéncut dhateng kang
putra Dina. Keparenga panjenengan
ngidini anak kula kawin kaliyan Dina.
9 Bangsa kula lan bangsa panjenengan
prayogi sami bebésanan.
10 Mangké panjenengan saged lestantun
manggèn wonten ing ngriki, sesarengan
kaliyan bangsa kula, merdika badhé
milih panggènan pundi kémawon
ingkang panjenengan kersakaken.
Panjenengan wenang nggadhahi pasitèn
lan menawi ngersakaken dedagangan
inggih kénging, sakersa panjenengan."
11 Sikèm kandha karo bapakné Dina lan
kakang-kakangné, "Menawi panjenengan

maringaken Dina dados sémah kula,
menapa kémawon ingkang panjenengan
kersakaken badhé kula saosaken.
12 Kula aturi ngandika kémawon,
rupi menapa, lan pinten kathahipun
tumbasan ingkang kedah kula aturaken,
badhé kula saosi sakersa panjenengan,
uger laré èstri menika angsal kula
pendhet dados sémah kula."
13 Sarèhné Sikèm wis ngrusuhi Dina,
mulané kakang-kakangné banjur padha
nggorohi Sikèm lan Hamor, bapakné,
14 mengkéné clathuné, "Kula mboten
sami saged ngidini adhi kula angsal
tiyang ingkang mboten tetak.
15 Kula sami saged ngidini namung
mawi sarat setunggal: panjenengan
kedah dados kados kula, tegesipun,
sedaya tiyang jaler ing tengahing bangsa
panjenengan kedah dipun tetaki,
16 nembé kula saged nyukakaken anak-
anak kula èstri dhateng panjenengan lan
mendhet putra-putra èstri panjenengan;
kula lajeng badhé manggèn sesarengan
kaliyan panjenengan, lan kita badhé
dados bangsa setunggal.
17 Menawi panjenengan mboten kersa
nampi sarat menika, dados mboten

kersa tetak, kula badhé sami mendhet
wangsul laré èstri menika, lajeng késah
saking ngriki."
18 Hamor lan Sikèm nganggep sarat
sing dikandhakaké déning anak-anaké
Yakub mau murwat.
19 Mulané Sikèm banjur nyarujuki tanpa
dipikir dawa, merga saka tresnané
marang Dina. Mangka ing antarané
kulawargané, Sikèm kuwi sing kajèn
dhéwé.
20 Hamor lan Sikèm banjur padha
rembugan karo para kawulané ana ing
gapuraning kutha, mengkéné clathuné,
21 "Wong-wong Israèl kuwi atiné becik;
mulané karebèn bébas padha manggon
dadi siji karo kita ing kéné. Bumi kita rak
jembar. Karebèn jaka-jaka kita padha
kawin karo prawan-prawané kana, lan
jaka-jakané kana karebèn kawin karo
prawan-prawan kéné.
22 Nanging wong-wong Israèl mau
enggoné gelem manggon bebarengan
karo kita ing kéné dadi sabangsa, ana
saraté siji, yakuwi: kabèh wong lanang
kita kudu tetak, kaya wong-wong kana.
23 Mbésuk raja-kayané lan barang
darbèké rak dadi duwèk kita. Mulané

becik menawa kita padha ngrujuki
penjaluké."
24 Para kawula kabèh padha rujuk karo
usulé Hamor lan Sikèm, nganti wong
lanang kabèh ing kutha kono padha
ditetaki.
25 Kocapa bareng telung dinané, nalika
wong-wong sing ditetaki mau lagi
lara-larané, anaké Yakub loro, Siméon
lan Lèwi, kakangné Dina, padha njupuk
pedhang, nuli nlusup mlebu ing kutha,
matèni kabèh wong lanang sing ana ing
kono,
26 uga Hamor lan Sikèm. Banjur njupuk
Dina saka omahé Sikèm, digawa mulih.
27 Anak-anaké Yakub liyané padha
njarah-rayah kutha mau kanggo males,
merga adhiné wis digawé wirang.
28 Wedhus, sapi, kuldi lan kabèh
sing ana ing kutha lan ing pangonan
dijarah-rayah.
29 Kabèh sing pengaji dijupuk. Wong
wadon lan bocah-bocah dicekel, lan isiné
omah-omah ing kutha kono dirampas
entèk-entèkan.
30 Yakub banjur kandha karo Siméon
lan Lèwi, "Kowé padha gawé susahku.
Saiki wong Kenaan lan wong Fèris, sarta

kabèh wong ing negara kéné bakal
padha sengit karo aku. Kita rak mung
wong sethithik. Yèn wong pribumi kéné
padha saiyeg nglawan aku lan nempuh
aku, apa kita sebrayat ora bakal musna?"
31 Nanging padha mangsuli, "Kula
mboten trimah adhi kula dipun garap
kados sundel."
35 1 Ing sawijining dina Gusti Allah
ngandikani Yakub, "Aku Allah
sing wis ngetingal marang kowé, nalika
kowé ngungsi nyingkiri kakangmu Ésau.
Lungaa menyang Bètèl. Manggona ana
ing kono lan gawéa mesbèh kanggo
Aku."
2 Yakub banjur ngandhani brayaté lan
wong-wong liyané sing padha mèlu
dhèwèké, "Ayo padha budhal menyang
Bètèl. Ana ing kana aku arep gawé
mesbèh kagem Gusti Allah, sing wis
nulungi aku nalika uripku ngrekasa, lan
wis nganthi aku ing salakuku. Mulané
sakèhé brahala sing kokgawa buwangen,
padha sesucia lan salina sandhangan
sing resik."
3 (35:2)
4 Wong-wong mau banjur masrahaké
sarupané brahala sing padha disimpen

marang Yakub, semono uga anting-
anting sing padha dienggo. Yakub
mendhem barang-barang mau ing ngisor
wit gedhé sacedhaké kutha Sikèm.
5 Nalika Yakub lan anak-anaké padha
budhal, atiné wong-wong ing kutha-
kutha saubengé kono didadèkaké wedi
déning Allah, nganti padha ora wani
ngoyak Yakub lan anak-anaké.
6 Mengkono Yakub lan brayaté wis
kelakon tekan tanah Kenaan, ing kutha
Bètèl, sing biyèn jenengé Lus.
7 Ing kono Yakub banjur gawé mesbèh.
Panggonan mau dijenengaké "Bètèl,"
merga ing papan kono Gusti Allah wis
ngetingal marang Yakub, nalika ngungsi
nyingkiri kakangné.
8 Iya ing kono uga Déborah, embané
Ribkah tilar-donya, banjur dikubur
ana ing ngisor wit gedhé ing sakidulé
Bètèl. Mulané wit mau dijenengi: "Wit
Petangisan."
9 Saulihé saka tanah Mésopotamia
Yakub diketingali menèh déning Allah
sarta diberkahi.
10 Pangandikané marang Yakub,
"Jenengmu aja Yakub menèh, nanging

Israèl." Mengkono Gusti Allah enggoné
ngelih jeneng Yakub dadi: Israèl.
11 Pangandikané Allah, "Aku Allah Kang
Mahakwasa. Padha bebranahana! Kowé
bakal dadi leluhuré bangsa-bangsa lan
nurunaké raja-raja.
12 Tanah sing Dakparingaké marang
Abraham lan Iskak bakal Dakparingaké
marang kowé lan anak-turunmu."
13 Sawisé mengkono Gusti Allah banjur
sumengka nilar Yakub.
14 Yakub banjur ngedegaké watu
pengéling-éling ing papan kono. Watu
mau diesoki anggur lan lenga zaitun
kanggo saosan konjuk marang Allah.
15 Panggonan kono dijenengi: "Bètèl".
16 Sawisé mengkono Yakub lan brayaté
budhalan saka Bètèl. Nalika lakuné
isih rada adoh karo kutha Éfrata,
Rahèl nglarani arep nglairaké, mangka
enggoné nglairaké mau ngrekasa.
17 Nalika lagi tengah-tengahé nglarani
mau dhukun-bayiné kandha, "Aja
kuwatir Rahèl, anakmu lanang menèh."
18 Nanging Rahèl wis ora kuwat.
Sadurungé tilar-donya Rahèl njenengi

anaké Bènoni,[u] nanging bapakné
njenengaké bayi mau Bènyamin.[v]
19 Rahèl banjur dikubur ing pinggir
dalan menyang kutha Éfrata, sing saiki
karan Bètléhèm.[w]
20 Ing papan kono Yakub ngedegaké
watu pengéling-éling. Watu tengerané
kuburé Rahèl mau isih tekan sepréné.
21 Yakub banjur nerusaké lakuné.
Sawisé ngliwati menara Èdèr banjur
pasang kémah.
22 Nalika manggon ing kono Rubèn
ngumpuli Bilha, seliré bapakné. Krungu
kedadéan mau Yakub nepsu banget.
Yakub duwé anak lanang rolas.
23 Anaké Léa yakuwi: Rubèn
(pembarep), Siméon, Lèwi, Yéhuda,
Isakar, lan Zébulon.
24 Anaké Rahèl: Yusuf lan Bènyamin.
25 Anaké Bilha, baturé Rahèl: Dhan lan
Naftali.
26 Anaké Zilpa, baturé Léa: Gad lan
Asyèr. Kuwi mau kabèh lairé ana ing
Mésopotamia.

---

[u]BèBènoni: anak ing kasisahan.

[v]Bènoni: anak ingkang ketengen (kinurmatan).

[w]Bètléhèm: griya roti.

27 Yakub tilik Iskak, bapakné sing
manggon ing Mamré cedhak Hébron.
Abraham, embahné swargi, biyèn iya
manggon ing kono.
28 Iskak wis tuwa banget, umuré
nyandhak satus wolung puluh taun.
Iskak tilar-donya, déning anak-anaké,
Ésau lan Yakub dikubur ing Guwa
Mahpéla.
29 (35:28)

36

1 Iki anak-turuné Ésau, sing iya
karan Édom.
2 Ésau rabi karo wong-wong wadon
Kenaan, yakuwi: Ada, anaké Élon, wong
Hèt; Oholibama, anaké Ana, putuné
Zibéon, wong Hèwi;
3 Basmat, anaké Ismaèl, adhiné
Nébayot.
4 Ada duwé anak Élifas, Basmat duwé
anak Rehuèl,
5 lan Oholibama duwé anak Yéus,
Yaélam lan Korah. Kuwi mau kabèh
anaké Ésau sing lair ing tanah Kenaan.
6 Ésau mboyong bojo-bojoné, anak-
anaké lanang lan wadon, sarta wong
kabèh sing mèlu dhèwèké, raja-kaya lan
raja-brana enggoné olèh ana ing Kenaan,

budhal menyang liya panggonan, pisah
karo Yakub, adhiné.
7 Enggoné misah karo Yakub mau
jalaran tanah sing dienggoni mau
pangonané ora nyukupi, merga saking
akèhé ingon-ingoné Yakub lan Ésau.
8 Mulané Ésau banjur milih manggon
ing pegunungan Édom.
9 Iki anak-turuné Ésau, leluhuré wong
Édom.
10 Ada, bojoné Ésau, duwé anak lanang,
jenengé Élifas. Élifas duwé anak lanang
lima, yakuwi: Téman, Omar, Zépo,
Gaétam lan Kénas. Élifas duwé bojo
liyané menèh, jenengé Timna. Timna
duwé anak lanang, jenengé Amalèk.
Bojoné Ésau sing jeneng Basmat duwé
anak lanang, jenengé Rehuèl. Rehuèl
duwé anak lanang papat, jenengé:
Nahat, Zérah, Syama lan Miza.
11 (36:10)
12 (36:10)
13 (36:10)
14 Bojoné Ésau sing jeneng Oholibama,
anaké Ana lan putuné Zibéon, duwé
anak lanang telu, yakuwi: Yéus, Yaélam
lan Korah.

15 Iki bangsa-bangsa anak-turuné Ésau:
Élifas, anak pembarepé Ésau, dadi
leluhuré bangsa-bangsa: Téman, Omar,
Zépo, Kénas,
16 Korah, Gaétam lan Amalèk. Kuwi
kabèh anak-turuné Ada, bojoné Ésau.
17 Rehuèl, anaké Ésau dadi leluhuré
bangsa-bangsa: Nahat, Zérah, Syama
lan Miza. Kuwi kabèh anak-turuné
Basmat, bojoné Ésau.
18 Iki bangsa-bangsa anak-turuné Ésau
saka bojo liyané, sing jeneng Oholibama,
anaké Ana, yakuwi: Yéus, Yaélam lan
Korah.
19 Kuwi kabèh bangsa-bangsa anak-
turuné Ésau.
20 Wong pribumi ing tanah Édom
dipérang-pérang miturut anak-turuné
Séir, wong Hori. Jenengé bangsa-bangsa
mau: Lotan, Syobal, Zibéon, Ana, Dision,
Èzèr lan Disian.
21 (36:20)
22 Lotan kuwi leluhuré bangsa Hori lan
Héman. (Lotan duwé sedulur wadon sing
jeneng Timna.)
23 Syobal kuwi leluhuré bangsa-bangsa:
Alwan, Manahat, Ébal, Séfo lan Onam.

24 Zibéon duwé anak lanang loro,
yakuwi Aya lan Ana. (Ana kuwi sing
nemu tuk banyu panas ing segara wedhi,
nalika lagi angon kuldiné bapakné.)
25 Ana kuwi bapakné Dision, lan Dision
dadi leluhuré bangsa-bangsa: Hèmdan,
Èsban, Yitran lan Kéran. Ana iya duwé
anak wadon, sing jenengé Oholibama.
26 (36:25)
27 Èzèr kuwi leluhuré bangsa-bangsa:
Bilhan, Zaawan lan bangsa Akan.
28 Dision kuwi leluhuré bangsa Us lan
bangsa Aran.
29 Bangsa-bangsa Hori ing tanah Édom
yakuwi: Lotan, Syobal, Zibéon, Ana,
Dision, Èzèr lan Disian.
30 (36:29)
31 Sadurungé ing Israèl ana raja, tanah
Édom wis duwé raja.
32 Raja sing kapisan yakuwi: Béla anaké
Béor, lan kuthané jenengé Dinhaba.
33 Béla mati digentèni Yobab, anaké
Zérah, saka Bozra.
34 Sapatiné Yobab, sing nggentèni
Kusam, saka tanah Téman.
35 Sapatiné Kusam, sing nggentèni
Hadad, anaké Bédad, saka kutha Awit;

Hadad kuwi sing ngalahaké wong Midian,
nalika perang ana ing daérah Moab.
36 Sapatiné Hadad digentèni Samla,
saka Masréka.
37 Sapatiné Samla digentèni Saul, saka
Réhobot, sacedhaké kali.
38 Sapatiné Saul digentèni Baalhanan,
anaké Akhbor.
39 Sapatiné Baalhanan digentèni Hadar
saka Pahu (bojoné jenengé Méhétabéèl,
anaké Matrès, lan putuné Mézahab).
40 Iki jenengé para penggedhé,
bawahané Ésau, miturut bangsa,
panggonan lan jenengé dhéwé-dhéwé:
Timna, Alwa, Yètèt,
41 Oholibama, Éla, Pinon,
42 Kénas, Téman, Mibzar,
43 Magdhièl, lan Iram. Panggonané
bangsa-bangsa mau disebut miturut
jenengé bangsa sing manggon ing kono.

37 1 Yakub manggon ing tanah
Kenaan, tilas panggonané
bapakné.
2 Riwayaté brayaté Yakub mau
mengkéné: Anaké Yakub sing jeneng
Yusuf kuwi nonoman, umur pitulas taun.
Yusuf mau gawéané angon wedhus,
bebarengan karo kakang-kakangné,

yakuwi anaké Bilha lan Zilpa, seliré
bapakné. Kenakalané kakang-kakangné
mau gawéné diwadulaké karo bapakné.
3 Yakub tresna karo Yusuf, ngungkuli
katresnané karo anak-anak liyané,
merga Yusuf lairé nalika bapakné
wis tuwa. Ing sawijining dina Yusuf
digawèkaké jubah apik banget.
4 Bareng kakang-kakangné ngerti yèn
Yusuf ditresnani ngungkuli sedulur-
seduluré kabèh, banjur padha gething
karo Yusuf, temah padha dijothak.
5 Ing sawijining bengi Yusuf ngimpi.
Nalika impèné dicritakaké karo sedulur-
seduluré, ndadèkaké saya sengité karo
dhèwèké.
6 Critané Yusuf mau mengkéné, "Aku
ngimpi,
7 kayané aku lan kowé kabèh lagi padha
ana ing pategalan mbentèli gandum.
Bentèlanku ngadeg mbegegeg. Déné
bentèlan-bentèlanmu kabèh padha
ngrubung bentèlanku lan sungkem ana
ing ngarepané bentèlanku mau."
8 Banjur diunèni sedulur-seduluré, "Apa
kokkira, kowé arep dadi ratu ngerèh
aku kabèh?" Merga saka impèn sing

dicritakaké mau kakang-kakangné saya
nemen gethingé marang Yusuf.
9 Liya dina Yusuf ngimpi menèh, lan iya
dicritakaké karo kakang-kakangné, "Aku
ngimpi menèh. Nang kananané aku weruh
srengéngé, rembulan lan lintang sewelas
padha sujud ana ing ngarepku."
10 Impèn mau uga dicritakaké bapakné.
Banjur disendhu bapakné, "Kuwi impèn
apa? Apa kokkira aku lan ibumu sarta
sedulur-sedulurmu bakal teka lan
sumungkem sujud ana ing ngarepmu?"
11 Merga saka kuwi sedulur-seduluré
padha serik atiné karo Yusuf, nanging
bapakné nyathet prekara kuwi mau ing
sajroning ati.
12 Ing sawijining dina nalika kakang-
kakangné Yusuf padha angon wedhusé
bapakné ana ing Sikèm,
13 Yakub kandha karo Yusuf, "Kowé
dakkongkon menyang Sikèm,
panggonané kakang-kakangmu
padha angon wedhus." Wangsulané
Yusuf, "Inggih, pak."
14 Clathuné bapakné, "Kakang-
kakangmu tilikana apa padha slamet,
lan wedhus-wedhusé apa kabèh
padha becik. Banjur énggal balia, aku

kabarana." Yusuf banjur mangkat saka
Lembah Hébron. Ora wetara suwé banjur
tekan Sikèm.
15 Saka kana Yusuf mlaku menyang
ara-ara. Ing dalan kepethuk karo wong
lanang sing nakoni, "Sampéyan pados
menapa?"
16 Wangsulané Yusuf, "Kula madosi
kakang-kakang kula ingkang sami angèn
ménda. Menapa sampéyan sumerep
sami wonten pundi?"
17 Wangsulané wong mau, "Sampun
sami bidhal saking ngriki. Kula mireng
sami badhé dhateng Dotan." Yusuf
banjur mangkat nusul kakang-kakangné
mrana lan ketemu ana ing Dotan.
18 Saka kadohan wis padha weruh
klédhangé Yusuf. Sadurungé tekan
panggonan kono, kakang-kakangné
padha rembugan arep matèni Yusuf.
19 Clathuné, "Lha kaé tukangé ngimpi
mréné.
20 Ayo, padha dipatèni, banjur
dibuwang ing sumur sing asat. Mengko
dikandhakaké yèn bocahé dimangsa
kéwan galak. Jajal, impèné kelakon apa
ora."

21 Krungu gunemé sedulur-seduluré
mau Rubèn golèk réka arep nylametaké
Yusuf. Clathuné, "Aja dipatèni.
22 Cukup dicemplungaké ing sumur
sing ana ing ara-ara samun kéné. Aja
pisan-pisan dipilara." Enggoné muni
mau merga kepéngin ngentas Yusuf,
banjur dikon bali menyang panggonané
bapakné.
23 Kecrita bareng tekan ngarepé
kakang-kakangné, Yusuf banjur
diblèjèdi, lan sawisé jubahé sing apik
banget mau diuculi,
24 banjur dicandhak lan dicemplungaké
ing sumur asat.
25 Bareng lagi padha mangan,
dumadakan padha weruh ing kadohan
ana wong-wong Ismaèl saka Giléad
padha liwat arep menyang tanah
Mesir. Unta-untané padha dimomoti
rempah-rempah lan kismis.
26 Yéhuda kandha karo sedulur-
seduluré, "Apa gunané matèni Yusuf lan
nyidhem prekarané?
27 Apa ora luwih becik diedol waé
marang wong Ismaèl kaé. Dadi ora prelu
dipilara. Bocah kuwi rak kulit-daging

kita dhéwé." Sedulur-seduluré padha
nyarujuki.
28 Bareng para sudagar Midian padha
liwat, Yusuf dientas saka ing sumur,
banjur diedol menyang wong-wong
Ismaèl, payu rong puluh dhuwit slaka.
Sawisé mengkono Yusuf banjur digawa
para sudagar mau menyang tanah Mesir.
29 Bareng Rubèn mbalèni ing sumur
mau lan ngerti yèn Yusuf wis ora ana ing
kono, nuli nyuwèk sandhanganné merga
saka sedhihé.
30 Banjur marani sedulur-seduluré karo
clathu, "Bocahé kokwis ora ana! Gèk
njur kepriyé aku iki?"
31 Banjur padha nyembelèh wedhus
bérok. Jubahé Yusuf nuli dicelupaké ing
getih mau,
32 lan dikirimaké marang bapakné,
karo kandha, "Kula sami manggih
jubah menika. Menapa menika sanès
jubahipun Yusuf, putra panjenengan?"
33 Yakub banjur nitik jubah mau,
pangucapé, "Iya, iki jubahé anakku!
Anakku mesthi ditubruk kéwan galak lan
dipothèng-pothèng."
34 Yakub nyuwèk sandhanganné merga
saka sedhihé lan nganggo sandhanganné

wong kepatèn. Pirang-pirang dina lawasé
Yakub nangisi Yusuf.
35 Anak-anaké kabèh, lanang lan wadon
padha teka arep nglipur, nanging ora
kéguh. Pangucapé, "Selawasé urip aku
bakal nangisi anakku." Mengkono Yakub
enggoné nangisi Yusuf, anaké.
36 Déné satekané ing tanah Mesir Yusuf
diedol déning wong-wong Midian marang
Potifar, komandhan keamanan kraton.

38

1 Kecrita Yéhuda misah saka
sedulur-seduluré lan manggon
bebarengan karo wong jenengé Hira,
wong saka Adulam.
2 Ana ing kono tepungan karo bocah
wadon Kenaan, anaké Sua.
3 Bocah wadon mau dipèk bojo,
4 banjur duwé anak lanang dijenengaké
Èr. Duwé anak menèh, lanang,
dijenengaké Onan.
5 Sawisé kuwi duwé anak lanang
menèh, dijenengaké Séla. Nalika bocah
mau lair, Yéhuda lagi lunga menyang
Kézib.
6 Yéhuda ngolèhaké jodho Èr, anaké
mbarep, bocah wadon jenengé Tamar.
7 Èr kuwi klakuané ala, mulané banjur
kapundhut déning Gusti Allah.

8 Yéhuda banjur kandha karo Onan,
adhiné Èr, "Kowé ngumpulana bojoné
kakangmu, supaya duwé anak. Kuwi wis
dadi kuwajibanmu, supaya kakangmu
duwé turun."
9 Nanging Onan ngerti, yèn anak mau
mengko bakal ora dadi duwèké. Mulané
saben kumpul karo randhané kakangné,
wijiné diwetokaké ing lemah, supaya
kakangné ora duwé turun.
10 Penggawéné sing mengkono mau
ora ndadèkaké keparengé Gusti Allah,
mulané Onan banjur kapundhut.
11 Yéhuda banjur kandha karo Tamar,
"Kowé muliha waé menyang ing omahé
wong tuwamu lan ngentènana nganti
anakku Séla wis gedhé." Awit Yéhuda
kuwatir mbok menawa Séla uga banjur
mati, kaya kakang-kakangné. Tamar
banjur mulih menyang omahé wong
tuwané.
12 Ora wetara suwé bojoné Yéhuda
mati. Bareng wektuné petangisan wis
entèk, Yéhuda ngajak Hira, kancané sing
saka Adulam, lunga menyang Timna,
nyukur wedhus-wedhusé.

13 Ana sing awèh weruh marang Tamar,
yèn Yéhuda, maratuwané, arep nyukur
wedhus-wedhusé ing Timna.
14 Tamar nuli salin sandhangan,
nganggo krudhung lan lungguh ing
gapuraning kutha Énaim, ing pinggir
dalan sing ngener ing Timna. Awit Tamar
ngerti yèn Séla, anaké ragil Yéhuda, wis
gedhé, éwasemono durung dikawinaké
karo dhèwèké.
15 Bareng Yéhuda weruh Tamar,
pengirané wong wadon kuwi wanita tuna
susila, merga rainé dikrudhungi.
16 Yéhuda banjur marani, ora ngerti
yèn wong wadon mau mantuné dhéwé,
tembungé, "Kowé njaluk opah pira?"
Tamar gentèn takon, "Sampéyan badhé
nyukani menapa?"
17 Wangsulané Yéhuda, "Kowé mengko
dakteri cempéné wedhus-wedhusku."
Tamar gentèn mangsuli, "Inggih purun,
nanging kula nyuwun tanggelan, ingkang
saged kula simpen, ngantos kula nampi
ménda kintunan sampéyan."

18 Pitakoné Yéhuda, "Tanggungan
apa?" Wangsulané Tamar, "Sesupé cap[x]
sampéyan sakalungipun, lan teken
ingkang sampéyan cepengi menika."
Yéhuda banjur mènèhaké barang-barang
mau, nuli ngumpuli Tamar, temah Tamar
ngandhut.
19 Tamar nuli mulih, nyopot krudhungé
lan nganggo sandhangan randha menèh.
20 Ora wetara suwé Yéhuda kongkonan
Hira, kancané, ngeteraké cempé lan
njaluk bali barang-barang sing digawé
tanggungan, nanging wong wadon mau
digolèki ora ketemu.
21 Wong-wong ing Énaim ditakoni,
"Wanita tuna susila sing nalika semono
ana ing pinggir dalan kéné kaé saiki ana
ing ngendi?" Diwangsuli, "Ngriki mboten
naté wonten wanita tuna susila."
22 Hira banjur bali lan kandha karo
Yéhuda, "Wongé wis dakgolèki nanging
ora ketemu. Wong-wong malah muni,
yèn ing kono ora tau ana wanita tuna
susila."

---

[x]cap: sesupéé cap ginanipun kados tandha tangan ingkang mratélakaken bilih prejanjian utawi undhang-undhang wau asli saking ingkang gadhah sesupé.

23 Clathuné Yéhuda, "Ya wis, karebèn
barang-barang mau dipèk, angger kita
ora digeguyu wong. Aku rak wis akon
ngeteraké cempéné, nanging wongé ora
ana."
24 Wetara let telung sasi Yéhuda olèh
kabar mengkéné, "Mantumu Tamar
laku bédhang, lan saiki ngandhut."
Pangucapé Yéhuda, "Wongé gawanen
metu saka kutha lan obongen nganti
mati!"
25 Nalika lagi digawa, Tamar kongkonan
ngabari maratuwané, uniné, "Enggèn
kula ngandheg menika saking tiyang
ingkang gadhah barang-barang menika.
Kula aturi nitik sesupé cap, kalung lan
teken menika gadhanipun sinten?"
26 Yéhuda ora pangling karo barang-
barang mau, banjur clathu, "Wong kuwi
bener, aku sing salah. Mesthiné dhèwèké
dakkawinaké karo Séla, anakku." Sawisé
kuwi Yéhuda ora tau ngumpuli Tamar
menèh.
27 Bareng tekan wektuné babaran, jebul
anaké kembar.
28 Nalika babaran mau, ana bayi sing
ngetokaké tangané. Tangan mau banjur
dicekel déning dhukuné lan ditalèni

nganggo benang abang. Tembungé, "Iki
sing lair dhisik."
29 Jebul tangan mau ditarik mlebu
menèh, lan bayi sijiné sing lair
dhisik. Dhukuné banjur clathu, "Kowé
kokndresel ngono." Mulané bayi sing lair
dhisik mau dijenengaké Pèrès.
30 Sawisé kuwi lagi bayi sijiné metu,
yaiku sing tangané ana benangé abang.
Mulané bayi mau dijenengaké Zérah.

39 1 Yusuf digawa wong-wong Ismaèl
menyang tanah Mesir, lan dituku
Potifar, komandhan keamanan kraton.
2 Yusuf dikanthi déning Allah, nganti
pegawéan apa waé sing dipasrahaké,
bèrès. Dhèwèké manggon ing omahé
bendarané.
3 Bareng weruh yèn Yusuf mau dikanthi
déning Allah lan sarupaning pegawéan
sing dicekel bèrès,
4 bendarané tresna karo Yusuf lan
dipitaya ngurusi omahé lan bandhané
kabèh.
5 Wiwit wektu kuwi Gusti Allah mberkahi
brayaté wong Mesir mau lan barang
darbèké kabèh, sing ana ing omah lan
iya sing ana ing palemahané, merga
saka Yusuf.

6 Kabèh barang darbèké dikon ngurusi
Yusuf, nganti Potifar wis ora meruhi
thek-kliweré ngomah, ngertiné mung
mangan. Yusuf kuwi gagah lan rupané
bagus.
7 Suwé-suwé bojoné Potifar kasmaran
karo Yusuf, lan nonoman mau dibujuk
diejak turu bebarengan.
8 Nanging Yusuf ora gelem, pangucapé,
"Nyuwun ngapunten. Bendara
kula sampun masrahaken sedaya
kagunganipun dhateng kula, ngantos
mboten menggalih menapa-menapa.
9 Pangwaos kula mboten béda kaliyan
panjenenganipun piyambak. Mboten
wonten barang setunggal kémawon
ingkang mboten kapasrahaken dhateng
pangwaos kula, kejawi garwanipun.
Menapa kula tegel nglampahi piawon
kados mekaten lan damel dosa ing
ngarsanipun Allah?"
10 Senajan saben dina dibujuk, nanging
Yusuf tetep ora gelem nanggapi.
11 Ing sawijining dina nalika mlebu
ngomah arep nyambut-gawé, ing njero
omah kono pinuju ora ana wong.
12 Bojoné Potifar banjur nggocèki
jubahé Yusuf karo clathu, "Ayo turu

karo aku." Nanging Yusuf mberod
mlayu; jubahé ditinggal ana ing tangané
bendaranéa.
13 Bareng Yusuf mlayu metu, ninggal
jubahé,
14 bojoné Potifar mau nyeluki batur-
baturé karo clathu, "Delengen! Wong
Ibrani sing digawa mréné bojoku kuwi
arep sembrana karo aku. Dhèwèké
mlebu ana ing kamarku, arep meksa
ngumpuli aku, nanging aku nuli
celuk-celuk seru.
15 Bareng aku celuk-celuk, dhèwèké
banjur mlayu metu, jubahé ditinggal ana
ing sandhingku."
16 Jubah mau disèlèhaké ing sandhingé,
nganti sing lanang teka.
17 Wong wadon mau banjur ngothak-
athik crita kaya ing ngarep mau,
dikandhakaké karo bojoné, tembungé,
"Tiyang Ibrani ingkang panjenengan
bekta mriki menika sampun mlebet
kamar kula, badhé sembrana kaliyan
kula.
18 Nanging kula lajeng bengok-bengok.
Piyambakipun lajeng mlajeng lan nilar
jubahipun ing sandhing kula."
19 Potifar muntab.

20 Yusuf dikon nyekel lan dilebokaké ing
kunjaran, panggonané para punggawa
kraton sing ditahan. Yusuf uga ditahan
ana ing kono.
21 Nanging Yusuf dikanthi déning Gusti
Allah lan diberkahi, mula kepalané
kunjaran kono tresna karo dhèwèké.
22 Yusuf didadèkaké lurahé wong-wong
tahanan liyané, lan dipasrahi pegawéan
kabèh sing ana ing kunjaran kono.
23 Kepalané kunjaran wis ora prelu
ngawat-awati apa sing dipasrahaké
marang Yusuf. Merga dikanthi déning
Allah, pegawéan apa waé sing dicekel
Yusuf, bèrès.

40 1 Let sawetara mangsa ana
pegawé kraton loro ditahan
merga keluputan karo Sang Prabu.[y]
Sing siji juru-minuman, yakuwi wong
sing kapasrahan ngurusi unjukané Sang
Prabu, sijiné juru-dhaharan, yakuwi
wong sing kapasrahan ngurusi dhaharan.
2 Sang Prabu duka banget karo wong
loro mau,

[y]Sang Prabu: ing tanah Mesir Sang Prabu ugi dipun juluki Sang Pringon, ingkang tegesipun: Ratu.

3 mula dhawuh supaya padha ditahan ing kunjaran kraton, panggonané Yusuf ditahan.
4 Ana ing kunjaran kono rada suwé, lan kepala kunjaran préntah marang Yusuf ngladèni tahanan loro mau.
5 Ing sawijining bengi, wong loro mau padha ngimpi. Impèné béda-béda.
6 Nalika ésuké Yusuf teka, wong loro mau ulaté katon suntrut.
7 Yusuf banjur takon, "Kokketingal sedhih. Manapa ingkang dipun raosaken?"
8 Wangsulané, "Dhèk bengi aku padha ngimpi, nanging ing kéné ora ana wong sing bisa nerangaké tegesé." Clathuné Yusuf, "Kula kinten namung Gusti Allah piyambak ingkang maringi kesagedan nerangaken tegesipun impèn. Cobi panjenengan cariyosaken impèn panjenengan."
9 Juru-minuman banjur nyritakaké impèné, "Nèng kanané kaya-kaya ing ngarepku ana wit anggur.
10 Ana pangé telu. Bareng godhongé padha trubus, banjur metu kembangé, sarta metu wohé, mateng-mateng.

11 Kayané aku lagi nyekeli gelas
unjukané Sang Prabu. Aku banjur methik
woh anggur mau, nuli dakperes ana ing
gelas, sarta daksaosaké Sang Prabu."
12 Yusuf nuli mangsuli, "Menika
jarwanipun mekaten: Pang tiga menika
tegesipun tigang dinten.
13 Salebeting tigang dinten menika Sang
Prabu badhé ngluwari panjenengan.
Panjenengan badhé kawangsulaken
dhateng pedamelan panjenengan malih,
ngladosi unjukanipun Sang Prabu kados
ingkang sampun-sampun.
14 Namung menawi sampun wangsul
malih dhateng pedamelan panjenengan,
sampun kesupèn dhateng kula.
Panjenengan ngaturana pirsa dhateng
Sang Prabu bab kawontenan kula, sarta
kula kasuwuna luwar saking kunjaran
menika.
15 Kula menika leresipun dipun culik
saking bangsa kula, inggih menika
bangsa Ibrani. Lan ing tanah Mesir ngriki
kula mboten naté nglampahi piawon,
ingkang pantes kaukum ing kunjaran."
16 Bareng krungu yèn impèné
juru-minuman mau maknané becik,
juru-dhaharan banjur nyritakaké impèné

marang Yusuf: "Aku iya ngimpi. Ana ing
kanané aku lagi nyunggi ténong telu isi
dhaharan.
17 Ténong sing ndhuwur dhéwé isi
dhaharan rupa-rupa kagem Sang
Prabu, nanging dhaharan mau dithotholi
manuk-manuk."
18 Wangsulané Yusuf, "Jarwanipun
impèn menika mekaten: Ténong tiga
menika tegesipun tigang dinten.
19 Tigang dinten malih Sang Prabu
badhé utusan nigas gulu panjenengan.
Badan panjenengan badhé dipun
gantung lan dados tedhanipun peksi-
peksi."
20 Let telung dina, yakuwi dina wiyosané
Sang Prabu, panjenengané nganakaké
kraméan gedhèn kanggo para abdi
kabèh. Juru-minuman lan juru-dhaharan
didhawuhi metokaké saka ing kunjaran,
digawa ana ing ngarepé para abdi kraton
kabèh.
21 Juru-minuman dibalèkaké ing
pegawéané menèh,
22 nanging juru-dhaharan diukum pati.
Kelakoné mau kabèh cèples karo sing
dikandhakaké Yusuf.

23 Nanging juru-minuman ora kèlingan
marang Yusuf, wis lali babar-pisan.

41

1 Let rong taun Sang Pringon
ngimpi, kaya-kaya lagi jumeneng
ing sapinggiring Bengawan Nil.
2 Dumadakan ana sapi lemu-lemu,
kulité klimis, jumedhul saka kali; banjur
nyenggut suket ing sapinggiré kali mau.
3 Ora let suwé ana sapi pitu liyané uga
jumedhul, nanging kuru-kuru, presasat
mung balung karo kulit. Padha ngadeg
ing sandhingé sapi-sapi sing lemu-lemu
mau.
4 Sapi sing kuru-kuru mau nuli mangan
sapi sing lemu-lemu. Sang Prabu banjur
nglilir;
5 nanging banjur bali saré lan ngimpi
menèh. Nèng kanané pirsa ana wulèn
gandum pitu, aos-aos, tur tuwa-tuwa,
jumedhul saka damèn siji.
6 Banjur ana wulèn pitu liyané, sing
gabug lan geseng, kayané kebrangas
déning angin saka ing segara wedhi.
7 Wulèn gandum sing gabug banjur
nyaplok wulèn gandum sing mentes
(aos). Sang Prabu nuli nglilir lan pirsa
yèn mung ngimpi.

8 Ésuké Sang Prabu ora kepénak
penggalihé, mulané banjur dhawuh
nimbali sakèhé tukang sihir lan para
ulama satanah Mesir. Impèné nuli
dicritakaké, nanging ora ana wong siji
waé sing bisa nerangaké tegesé.
9 Juru-minuman matur marang Sang
Prabu, "Samangké kula badhé blaka,
bilih kula naté nglampahi ingkang
mboten leres.
10 Sang Prabu nalika semanten duka
dhateng juru-dhaharan lan dhateng
kula, lajeng ndhawuhaken supados kula
kekalih dipun kunjara ing griyanipun
komandhan keamanan kraton.
11 Ing setunggaling dalu kula kekalih
sami ngimpi, ingkang gadhah teges
piyambak-piyambak.
12 Ing kunjara ngriku wonten nènèman
Ibrani, réncangipun komandhan
keamanan kraton. Kula kekalih
nyriyosaken impèn kula piyambak-
piyambak dhateng nènèman wau,
piyambakipun lajeng nerangaken
maknanipun.
13 Sedaya kelampahan kados ingkang
dipun terangaken, inggih menika, bilih
Sang Prabu badhé mangsulaken kula

dhateng pedamelan kula malih, nanging
ngukum pejah juru-dhaharan."
14 Sang Prabu banjur utusan nimbali
Yusuf, lan sanalika iku uga diwetokaké
saka kunjaran. Sawisé cukur lan salin
penganggo, Yusuf nuli sowan ing
ngarsané Sang Pringon.
15 Sang Pringon banjur ngandika
marang Yusuf, "Aku ngimpi, nanging ora
ana wong sing bisa nerangaké maknané.
Aku dikandhani wong, yèn kowé bisa
nerangaké impèn."
16 Wangsulané Yusuf, "Sanès kula gusti,
nanging Gusti Allah piyambak ingkang
badhé maringi ketrangan."
17 Sang Prabu banjur ngandika, "Ing
sajroning impènku mau kaya-kaya aku
lagi ngadeg ing pinggir Bengawan Nil.
18 Saka kali mau banjur jumedhul sapi
pitu sing lemu-lemu lan kulité klimis,
nuli padha nyenggut suket ing sapinggiré
kali.
19 Dumadakan ana sapi pitu liyané
jumedhul, kuru-kuru presasat mung
balung karo kulit. Durung tau aku weruh
sapi sing èlèké kaya ngono ing tanah
Mesir kabèh.

20 Sapi sing kuru-kuru mau padha
mangan sapi sing lemu-lemu nganti
entèk kabèh.
21 Éwasemono sapi sing kuru-kuru mau
isih tetep padha kuruné kaya sadurungé
mangan. Aku banjur nglilir.
22 Bareng turu menèh, aku ngimpi
menèh, kaya-kaya weruh ana wulèn
gandum pitu mentes-mentes tur wis
tuwa, metu saka damèn siji.
23 Dumadakan ana wulèn gandum pitu
liyané jumedhul, nanging kuru-kuru
lan kebrangas déning angining segara
wedhi.
24 Wulèn gandum sing kuru-kuru mau
nuli nguntal wulèn sing mentes-mentes.
Impèn iki wis dakcritakaké marang para
tukang sihir, nanging siji waé ora ana
sing bisa nerangaké tegesé."
25 Yusuf banjur matur, "Impèn kekalih
menika maknanipun sami. Gusti Allah
maringi sumerep dhateng panjenengan,
menapa ingkang badhé kelampahan.
26 Lembu pitu ingkang lema-lema sarta
wulèn pitu ingkang mentes-mentes
menika tegesipun sami, inggih menika
mangsa mirah tedha pitung taun.

[27] Lembu pitu kera-kera ingkang jumedhul sesampunipun menika, sarta wulèn gandum pitu ingkang kera lan kebrangas déning angining seganten wedhi, menika ngibarataken mangsa paceklik[z] ingkang laminipun pitung taun.
[28] Kula wau sampun matur, bilih Gusti Allah paring sumerep dhateng Sang Prabu menapa ingkang badhé kelampahan.
[29] Badhénipun wonten mangsa mirah tedha wradin ing sanegari Mesir.
[30] Nanging sesampunipun menika badhé wonten pailan ingkang laminipun inggih pitung taun, ngantos tiyang badhé kesupèn dhateng mangsa mirah tedha ingkang sampun dipun alami, awit pailanipun badhé ageng sanget, ngantos damel cengkaring siti.
[31] (41:30)
[32] Déné supenanipun Sang Prabu ngantos rambah kaping kalih, menika tegesipun, bilih prekawis menika sampun dados kekancinganipun Gusti Allah lan mboten kénging kaéwahan, tur badhé énggal kelampahan.

---

[z]paceklik: pailan: awis tedha.

33 Milanipun prayogi sanget menawi
Sang Prabu ngupados tiyang ingkang
lantip saha wicaksana, ingkang saged
kaangkat dados pengageng ing negari
ngriki.
34 Kejawi menika Sang Prabu ugi
kula aturi ngangkat pegawé-pegawé
sanèsipun, ingkang kaparingan
pangwaos narik sapragangsalipun
sedaya panènan gandum selaminipun
mangsa kalubèran pitung taun wau;
dipun tandhoa ing kitha-kitha sarta
kajagi.
35 (41:34)
36 Gandum wau dadosa tandhon tedha
kanggé mangsa pitung taun samangsa
tanah Mesir ngalami pailan. Srana
mekaten rakyat mboten badhé ngalami
pejah kaliren."
37 Sang Pringon lan para pegawéné
nyarujuki panemuné Yusuf.
38 Mula ngandika marang para pegawé
mau, "Apa ana wong sing luwih mumpuni
ketimbang karo Yusuf, merga dhèwèké
kadunungan Rohé Allah?"
39 Banjur ngandika marang Yusuf,
"Gusti Allah wis maringi weruh iki kabèh
marang kowé, dadi cetha yèn kowé luwih

lantip lan luwih wicaksana ketimbang
karo sapa waé.
40 Kowé bakal dakangkat dadi gubernur
ing negara kéné, lan rakyat kabèh bakal
nglakoni apa sing kokpréntahaké. Ora
ana wong sing ngungkuli pangwasamu,
kejaba aku dhéwé."
41 Sawisé mengkono Sang Pringon
banjur nglolos sesupéné cap krajan
saka astané, dienggokaké ing drijiné
Yusuf, karo ngandika, "Wiwit saiki kowé
dakdadèkaké gubernur ing satanah Mesir
kabèh." Yusuf banjur dienggoni jubah
léna alus, lan dikalungi kalung emas,
42 (41:41)
43 sarta ditumpakaké ing kréta
keprabon. Pengawalé Sang Pringon
mlaku ing ngarepé karo alok-alok,
"Minggir. Minggir." Mengkono Yusuf
diangkat dadi gubernur ing tanah Mesir
kabèh.
44 Sang Pringon ngandika marang
Yusuf, "Aku sing dadi raja, nanging tanpa
palilahmu wong ing satanah Mesir ora
kena nindakaké apa-apa."
45 Sang Pringon banjur maringi nama
basa Mesir marang Yusuf, yakuwi:

Zafnat-Paanéah.[a] Uga diparingi sisihan,
jenengé Asnat, anaké Potiféra, imam ing
Héliopolis. Nalika diangkat dadi gubernur
mau Yusuf umur telung puluh taun.
Yusuf nuli mundur saka ing ngarsané
Sang Pringon, mider ndlajahi tanah
Mesir kabèh.
46 (41:45)
47 Sajroné pitung taun tanah Mesir
ngalami mangsa murah pangan,
pametuné bumi nganti turah-turah.
48 Yusuf ngumpulaké gandum mau,
ditandho ana ing kutha-kutha. Ing
saben kutha diedegi lumbung kanggo
nandho gandum pametuné palemahan
ing sakiwa-tengené.
49 Saking akèhé gandum nganti kaya
wedhiné segara, mulané banjur wis ora
diétung menèh pira sing mlebu lumbung.
50 Sadurungé mangsa pailan Yusuf wis
duwé anak lanang loro, patutan saka
Asnat.
51 Pangucapé Yusuf, "Allah wis nggawé
aku lali karo sakèhé kasusahanku lan

[a] Zafnat-Paanéah: tiyang ingkang njarwakaken prekawis-prekawis ingkang gaib.

karo brayaté bapakku." Mulané anaké
dijenengaké: Manasyè.[b]
52 Déné anaké sing kapindho
dijenengaké: Éfraim,[c] pangucapé,
"Allah maringi anak ana ing tanah
panggonanku nandhang kesrakat."
53 Bareng mangsa pitung taun murah
pangan wis rampung,
54 tanah Mesir banjur katerjang pailan
nganti pitung taun lawasé, kaya sing
dikandhakaké déning Yusuf. Malah
sajagad kabèh katerjang pailan, mung
ing tanah Mesir dhéwé sing ana pangan.
55 Bareng padha kekurangan pangan,
rakyat Mesir banjur padha nyuwun
pangan marang Sang Pringon. Sang
Pringon banjur dhawuh karo wong-wong
mau supaya padha sowan Yusuf lan
nuruta ing sapréntahé.
56 Bareng pailané saya nemen lan
wrata satanah Mesir kabèh, Yusuf banjur
mbukak lumbung-lumbung gandumé
kabèh sarta diedol karo wong Mesir.
57 Wong saka manca negara iya padha
mrono tuku gandum karo Yusuf, merga

---

[b]Manasyètegesipun: "marakaké lali".
[c]Éfraimtegesipun: "maringi anak".

negara sajagad padha katerjang pailan
gedhé.
42 1 Bareng Yakub krungu yèn ing
Mesir ana gandum, banjur kandha
karo anak-anaké, "Yagéné kowé kok ora
cékat-cèket?
2 Aku krungu yèn ing tanah Mesir ana
gandum. Mbok padha mranaa, tuku
gandum, supaya kita padha ora mati
kaliren."
3 Kakang-kakangné Yusuf wong sepuluh
banjur padha mangkat tuku gandum.
4 Mung Bènyamin, adhiné Yusuf, ora
dililani mèlu, merga Yakub kuwatir yèn
anaké ragil mau kena alangan.
5 Merga anané pailan ing tanah Kenaan,
anak-anaké Yakub bebarengan karo
wong liya-liyané padha tuku gandum
menyang tanah Mesir.
6 Yusuf, sing dadi gubernur ing tanah
Mesir, nedhengé ngedoli gandum
marang wong saka ngendi-endi. Mulané
kakang-kakangné Yusuf iya padha teka
lan sungkem ing ngarepé.
7 Yusuf ora pangling karo kakang-
kakangné, nanging éthok-éthok ora
kenal, malah takon karo sereng,
"Kowé wong ngendi?" Wangsulané

kakang-kakangné, "Kula sami saking
negari Kenaan, sowan kula badhé tumut
tumbas tedha."
8 Senajan Yusuf dhéwé ora pangling,
nanging kakang-kakangné padha
pangling karo Yusuf.
9 Yusuf kèlingan marang impèné dhèk
biyèn bab kakang-kakangné. Banjur
clathu, "Kowé kuwi telik; tekamu arep
nitik tanah kéné endi sing ora dijaga
kuwat."
10 Wangsulané kakang-kakangné, "Èstu
sanès, gusti! Enggèn kula sami mriki
menika saprelu tumbas tedha.
11 Kula sami sasedhèrèk, tunggil bapak.
Kula sami tiyang saé-saé, sanès telik."
12 Wangsulané Yusuf, "Ora! Kowé kabèh
kuwi telik. Tekamu arep nitik tanah kéné
endi sing ora kuwat penjagané."
13 Gentèn diwangsuli karo sedulur-
seduluré, "Kula menika asal Kenaan,
sami sasedhèrèk, waunipun kalihwelas,
tunggil bapak. Setunggal sampun pejah
lan ingkang ragil wonten griya kaliyan
bapak."
14 Clathuné Yusuf, "Rak bener ta
kandhaku, yèn kowé kuwi telik kabèh.

15 Saiki aku arep weruh sepira
katemenanmu. Aku sumpah demi
asmané Sang Pringon. Kowé ora bakal
lunga saka kéné, yèn adhimu sing ragil
ora koksusulaké mréné.
16 Kowé salah siji kudu bali njupuk
adhimu ragil. Liyané daktahan ana ing
kéné, nganti ketitik yèn kowé padha
ora goroh. Demi asmané Sang Pringon,
yèn adhimu nganti ora teka, tandha yèn
kowé kabèh kuwi telik!"
17 Wong sepuluh mau banjur dilebokaké
ing pakunjaran nganti telung dina.
18 Let telung dina Yusuf kandha karo
sedulur-seduluré mau, "Aku iki wong
sing ngabekti karo Gusti Allah. Yèn kena,
kowé dakéman uripmu.
19 Yèn kowé pancèn padha wong temen,
salah siji kèri kéné, liyané kena mulih
nggawa gandum sing wis koktuku
kanggo brayat-brayatmu sing padha
kekurangan pangan.
20 Nuli padha balia mréné ngajak
adhimu sing cilik dhéwé, minangka bukti
yèn kandhamu mau nyata, lan kowé ora
dakukum pati." Kakang-kakangné mau
padha ngrujuki usul mau,

21 banjur padha rasanan, "Saiki kita
padha ngrasakaké piwalesé penggawé
kita marang Yusuf dhèk biyèn. Kaya apa
biyèn enggoné ngrerepa njaluk diwelasi,
nanging kita ora padha ngrèwès karo
pesambaté. Mulané saiki kita padha
nandhang sengsara."
22 Rubèn clathu, "Aku biyèn rak wis
kandha. Bocahé aja kokkapak-kapakaké!
Nanging kowé padha ora nggugu. Saiki
kita diwales."
23 Rèhné enggoné padha guneman karo
Yusuf mau nganggo juru-basa, mulané
para seduluré ora ngira yèn Yusuf ngerti
kabèh apa sing padha dirembug.
24 Yusuf metu saka kono, nangis.
Bareng wis lilih banjur bali mrono menèh
lan akon mbanda Siméon ing ngarepé
para seduluré.
25 Yusuf akon supaya karung-karungé
kakang-kakangné padha diisèni gandum
nganti kebak, lan dhuwité dibalèkaké
ing karungé dhéwé-dhéwé. Uga akon
supaya wong-wong mau padha digawani
panganan kanggo sangu ana ing dalan.
Dhawuh mau iya banjur ditindakaké.

26 Sawisé karung-karungé dimomotaké
ing kuldi, wong-wong mau banjur padha
mangkat.
27 Bareng tekan papan panginepan
ana sing mbukak karungé arep njupuk
gandum kanggo makani kuldiné, weruh
dhuwité temumpang ing sandhuwuré
gandum.
28 Banjur padha alok, "Lho, dhuwité
kokdibalèkaké, disèlèhaké ana ing
ndhuwur gandum." Kabèh padha entèk
atiné, lan saka wediné siji-sijiné padha
clathu, "Apa kersané Allah karo kita iki?"
29 Satekané ing tanah Kenaan,
banjur padha crita karo Yakub bab
lelakon-lelakon sing padha dialami.
Tembungé,
30 "Gubernur Mesir menika
priyantunipun kasar. Kula sami
dipun westani telik, ingkang kadakwa
nitik panggènan ingkang mboten dipun
jagi kiyat.
31 Kula ugi matur, bilih kula menika
tiyang saé-saé,
32 sasedhèrèk, tiyang kalihwelas,
tunggil bapak. Setunggal sampun pejah,
lan ingkang ragil kantun wonten Kenaan
kaliyan bapak."

33 Nanging gubernur wau ngandika,
"Aku kepéngin weruh apa kandhamu
kuwi nyata. Kowé salah siji kudu kèri ana
ing kéné. Liyané kena mulih ngeteraké
gandumé kanggo brayatmu sing padha
kurang pangan.
34 Adhimu sing ragil jaken mréné. Yèn
ngono aku precaya kowé dudu telik,
nanging wong sing temen. Adhimu bakal
dakbalèkaké, lan kowé kabèh kena
dedagangan ana ing tanah kéné."
35 Nalika padha nyuntaki karungé jebul
nemu kanthongé dhuwit dhéwé-dhéwé.
Bareng weruh dhuwité isih ana ing kono
padha wedi banget, semono uga Yakub.
36 Yakub kandha, "Apa aku kon
kélangan anakku kabèh? Yusuf wis ora
ana. Siméon ya wis ora ana. Saiki kowé
arep ngajak Bènyamin mèlu mrana. Apa
aku kon ora ngenes!"
37 Rubèn banjur kandha karo
bapakné, "Menawi Bènyamin mboten
wangsul, anak kula jaler kekalih menika
panjenengan pejahi kémawon. Bènyamin
kula aturi masrahaken dhateng kula,
mboten-mbotenipun menawi ical."
38 Nanging Yakub kandha, "Ora!
Bènyamin ora kena mèlu. Kakangné wis

mati. Saiki mung kari ijèn. Yèn mengko
ana ing dalan ana apa-apa, apa ora
marakaké aku, sing wis tuwa iki, mati
ngenes?"

43

1 Pailan sing nrejang tanah
Kenaan saya banget,
2 mulané bareng tandhoné gandum
olèhé tuku saka Mesir wis entèk, Yakub
banjur kandha karo anak-anaké, "Padha
lungaa menèh menyang Mesir tuku
gandum."
3 Yéhuda mangsuli, "Gubernur ing
ngrika sampun mantos-mantos, bilih
kula mboten badhé dipun lilani sowan
malih, menawi mboten ngajak adhi kula
ingkang alit piyambak.
4 Menawi bapak marengaken Bènyamin
tumut, kula sami badhé bidhal.
5 Menawi mboten, kula inggih mboten
badhé bidhal, mergi gubernuripun
sampun mantos-mantos kados
mekaten."
6 Clathuné Yakub, "Kowé saben-saben
mung gawé susahku waé. Yagéné kowé
kokkandha yèn duwé adhi barang?"
7 Wangsulané anak-anaké,
"Priyantunipun tlesih sanget enggènipun
takèn bab brayat. Nakèkaken, ‘Apa

bapakmu isih urip? Apa kowé isih
duwé adhi lanang liyané?’ Kula sami
kepeksa mangsuli sedaya ingkang
dipun takèkaken. Kula rak mboten sami
nginten, bilih piyambakipun badhé akèn
kita ngejak adhi kula sowan mrika?"
8 Yéhuda banjur matur, "Larénipun
kajengipun tumut, supados kula sami
saged bidhal tumunten, lan brayat kita
mboten pejah kaliren.
9 Tanggelanipun gesang kula piyambak.
Menawi wonten menapa-menapa, kula
ingkang tanggel jawab dhateng bapak
selami kula gesang.
10 Menawi mboten ndadak ngentos-
entosi mekaten, temtu kula sami sampun
kaping kalih késah-wangsul dhateng
Mesir."
11 Yakub banjur kandha, "Yèn pancèn
kudu mengkono, nggawaa pisungsung
katur marang gubernur kana, rupa
wulu-wetuné bumi ing kéné sing becik
dhéwé: kismis, madu, bumbu, kemiri,
badam.
12 Nggawaa dhuwit tikel loro, merga
dhuwit sing dibalèkaké lan dilebokaké
ing karungmu kaé, kudu diaturaké
menèh. Mbok menawa biyèn kaé kliru.

13 Adhimu Bènyamin jaken, lan énggal
balia.
14 Muga-muga Gusti Allah Kang
Mahakwasa rentah welasé marang kowé,
temahan gubernuré marengaké Siméon
lan Bènyamin bali bareng kowé. Déné
yèn pancèn wis kuduné aku kélangan
anak-anakku, ya wis kepriyé menèh."
15 Sedulur-seduluré Yusuf nggawa
pisungsung kanggo gubernur, lan dhuwit
tikel loro, banjur budhal menyang Mesir,
karo ngajak Bènyamin. Satekané ing
kana nuli ngadhep Gubernur Yusuf.
16 Nalika Yusuf weruh Bènyamin teka
bebarengan karo kakang-kakangné,
banjur dhawuh marang kepalané
rumah-tangga gubernuran, "Wong-wong
kaé jaken menyang omahku. Belèhna
apa-apa lan masaken, merga awan iki
arep dakjak mangan bebarengan."
17 Abdi mau nindakaké apa sing
didhawuhaké, nuli ngajak wong-wong
mau menyang omahé Yusuf.
18 Nalika arep diajak mrana, wong-wong
mau padha wedi banget, rasanané,
"Awaké dhéwé padha digawa mréné
iki rak merga dhuwit sing dibalèkaké
lan dilebokaké ana ing karung-karungé

dhéwé kaé. Iki mesthi arep digropyok,
kuldi-kuldi dijupuk, awaké dhéwé arep
didadèkaké batur-tukon."
19 Mulané bareng wis cedhak karo
omahé banjur padha kandha karo abdi
sing ngeteraké mau,
20 "Nyuwun ngapunten, pak. Kula
menika sampun naté sami mriki tumbas
gandum.
21 Nalika wangsul saking ngriki, wonten
ing pesipengan kula sami mbikak
karung-karung, lan manggih arta kula
piyambak-piyambak taksih wetah,
temumpang ing nginggil gandum. Kula
sami mboten ngertos sinten ingkang
nglebetaken arta wau ing karung-karung
menika. Samenika arta menika badhé
kula aturaken wangsul. Kejawi menika
kula inggih mbekta arta kanggé tumbas
gandum malih."
22 (43:21)
23 Wangsulané abdi mau, "Aja kuwatir.
Mesthiné Allah sing dibektèni bapakmu
kuwi sing nglebokaké dhuwit mau ana
ing karung-karungmu. Merga dhuwitmu
tukon gandum biyèn wis daktampa."
24 Siméon wis diteraké awor sedulur-
seduluré, banjur padha bebarengan

mlebu ing omahé Yusuf. Ana ing kono
dicepaki banyu kanggo wisuh sikil, lan
pangan kanggo kuldi-kuldiné.
25 Sawisé kuwi wong-wong mau banjur
nyawisaké barang-barang sing arep
disaosaké marang gubernur, sing arep
rawuh wektu kuwi. Sadurungé wis padha
diwènèhi weruh, yèn arep diajak mangan
bebarengan karo gubernur.
26 Bareng Yusuf teka, pisungsung mau
padha digawa mlebu lan disaosaké Yusuf
karo sujud lan nyembah.
27 Yusuf pitakon bab keslametané
wong-wong mau, banjur kandha, "Kowé
tau padha crita bab bapakmu sing
wis tuwa kaé. Priyé kabaré? Apa isih
sugeng?"
28 Wangsulané, "Inggih, kang abdi
bapak kula taksih gesang, inggih bagas
kesarasan, mboten kekirangan setunggal
menapa." Banjur padha nyembah.
29 Karo nyawang Bènyamin, Yusuf
takon, "Apa iki adhimu ragil, sing biyèn
kokkandhakaké kaé? Muga-muga Gusti
Allah mberkahi kowé, enggèr!"
30 Karo ndelengaké adhiné, atiné
Yusuf trenyuh banget. Mèh ora kuwat
ngampet, mulané banjur énggal metu

saka kono, mlebu ing kamaré dhéwé,
nangis.
31 Bareng wis raup banjur metu menèh
saka kamaré, atiné dikuwat-kuwataké.
Banjur dhawuh tata-dhahar.
32 Yusuf méjané dhéwé, sedulur-
seduluré iya ana ing méja dhéwé, lan
wong-wong Mesir sing padha mèlu
mangan iya lungguh ing méja dhéwé;
kuwi merga wong Mesir nganggep yèn
wong Ibrani mono luwih asor ketimbang
karo wong Mesir.
33 Méjané sedulur-seduluré adhep-
adhepan karo méjané Yusuf. Lungguhé
wong-wong mau ditata urut wiwit saka
sing mbarep tekan sing ragil. Nalika
weruh prenahé enggoné dilungguhaké,
wong-wong mau padha gumun.
34 Kabèh padha diladèni olah-olahan
saka méjané Yusuf, lan bagéané
Bènyamin tikel limané liya-liyané. Kabèh
padha mangan lan ngombé bebarengan
karo Yusuf nganti sawaregé.
44 1 Yusuf ndhawuhi marang kepala
rumah-tanggané mengkéné,
"Karungé wong-wong kuwi kebakana
gandum sakuwaté nggawa, lan dhuwité

tukon gandum sèlèhna ing ndhuwur
gandum ing karungé dhéwé-dhéwé.
2 Tuwungku slaka lebokna ing karungé
sing ragil, dadèkna siji karo dhuwité
tukon gandum." Abdi mau nindakaké
apa sing didhawuhaké déning Yusuf.
3 Ésuké isih umun-umun wong-wong
mau dikon budhal karo kuldi-kuldiné.
4 Lagi waé metu saka kutha, Yusuf
dhawuh marang abdiné kepala rumah-
tangga, "Gelis, wong-wong mau
tututana. Yèn wis kecandhak munia,
'Yagéné kabecikan kokkokwales nganggo
piala.
5 Yagéné tuwungé slaka bendaraku
kokcolong? Tuwung kuwi rak diagem
ngunjuk lan diagem lantaran ngramal?
Kowé kuwi pancèn trah wong ala!'"
6 Bareng sedulur-seduluré Yusuf wis
ketututan, abdi mau clathu kaya welingé
Yusuf mau.
7 Wong-wong mau nuli padha mangsuli,
"Sampéyan sampun ndakwa sing
mboten-mboten. Kula wantun sumpah,
yèn mboten nglampahi piala kados
ngoten!
8 Sampéyan sumerep dhéwé, arta
tumbasan gandum sing kepanggih

onten karung-karung kula rak empun
kula bekta teng tanah Kenaan, kula
wangsulaké. Kanggé napa kula sami
nyolong tuwung emas napa slaka
kagungané bendara sampéyan!
9 Cekaké ngèten mawon: Tiyangé sing
mendhet barang wau, kénging dipejahi,
lan kula sedaya gelem dadi réncang
tumbasan sampéyan."
10 Wangsulané abdiné Yusuf, "Iya! Mung
wong sing nyolong tuwung kuwi waé
sing dadi batur-tukonku. Liyané bébas,
kena nerusaké laku."
11 Wong-wong banjur énggal-énggal
padha ngedhunaké karungé dhéwé-
dhéwé lan dibukaki.
12 Abdiné Yusuf banjur mriksa karungé
siji-siji, wiwit saka karungé sing tuwa
nganti sing enom dhéwé. Tuwungé
ketemu ana ing karungé Bènyamin!
13 Kabèh nuli padha nyuwèk
penganggoné merga saka sedhihé.
Karung-karungé banjur diunggahaké ing
kuldi menèh lan kabèh nuli bali menyang
kutha.
14 Nalika Yéhuda saseduluré tekan ing
omahé Yusuf, priyayiné isih ana ing
kono, nuli padha sujud ing ngarepé.

15 Yusuf nuli clathu, "Kowé kuwi wong
apa? Apa kowé ora ngerti yèn aku iki
wong sing weruh sadurungé winarah?"
16 Yéhuda mangsuli, "Kula mboten
saged matur menapa-menapa, gusti.
Kula mboten saged mabeni utawi
ngleresaken badan kula piyambak.
Gusti Allah piyambak ingkang sampun
melèhaken dhateng klepatan kula. Kula
sedaya trimah dados réncang-tumbasan
panjenengan, mboten namung adhi
kula ragil, ingkang kanggénan tuwung
panjenengan menika."
17 Clathuné Yusuf, "Ora, wong sing
njupuk tuwungé waé sing bakal dadi
batur-tukonku. Liyané kena mulih
menyang panggonané wong tuwamu."
18 Yéhuda banjur maju nyedhaki
Yusuf karo matur, "Nyuwun
pangapunten, gusti. Keparenga
kula matur sawontenipun. Sampun
kesesa duka, mergi panjenengan menika
presasat Sang Pringon piyambak.
19 Panjenengan sampun ndangu
dhateng kula sedaya, menapa bapak
kula taksih gesang lan menapa kula
taksih gadhah sedhèrèk sanèsipun.

20 Kula sampun matur, bilih bapak kula
sampun sepuh, lan nalika adhi ingkang
ragil menika lair, bapak sampun sepuh
sanget.
21 Panjenengan dhawuh supados
kula sami ngajak adhi ingkang alit
piyambak menika sowan mriki, supados
panjenengan saged mirsani.
22 Kula inggih sami matur, bilih laré
menika mboten saged pisah kaliyan
bapakipun, mergi menawi katilar déning
adhi menika, bapak kula temtu badhé
pejah.
23 Mangka panjenengan dhawuh, bilih
kula mboten klilan sowan mriki, menawi
mboten ngajak adhi kula ingkang alit
piyambak wau.
24 Pramila nalika wangsul saking
ngriki, kula inggih sami nyariyosaken
pangandika panjenengan wau dhateng
bapak.
25 Bapak ndhawuhi kula sami késah
malih mriki tumbas gandum.
26 Kula matur, bilih mboten badhé
késah dhateng Mesir lan sowan gubernur
menawi adhi ingkang ragil menika
mboten tumut.

27 Bapak lajeng ngandika, bilih
putranipun ingkang patutan saking Rahèl
menika namung kalih.
28 Ingkang setunggal sampun pejah,
saged ugi dipun mangsa kéwan galak,
awit bapak mboten naté sumerep laré
menika malih wiwit késah saking griya.
29 Menawi kula sami ngajak késah anak
setunggalipun wau, mangka kénging
alangan wonten ing margi, temtu
sisahipun menika badhé nyengkakaken
pejahipun bapak, awit bapak sampun
sepuh.
30 Pramila saupami kula wangsul
kepanggih bapak tanpa mbekta laré
menika, temtu bapak badhé tumunten
pejah. Semanten tresnanipun bapak
dhateng laré menika. Lan gandhèng
kaliyan umuripun ingkang sampun
kathah menika, temtu badhé njalari
pejahipun.
31 (44:30)
32 Kejawi saking menika, kula sampun
sumpah nanggel kawilujenganipun
laré menika; yèn ngantos mboten
wangsul, kula ingkang badhé nyanggi
paukumanipun salamining gesang kula.

33 Mila panyuwun kula, gusti,
keparenga kula kémawon ingkang
panjenengan dadosaken réncang-
tumbasan gentosipun adhi kula. Laré
menika kajengipun wangsul kaliyan
kakang-kakangipun.
34 Kula mboten saged wangsul menawi
mboten kaliyan laré menika. Kula mboten
badhé tegel ningali kasisahanipun bapak
kula."

45 1 Yusuf wis ora kuwat ngampet
rasaning atiné ana ing ngarepé
para seduluré. Mulané wong-wong
padha didhawuhi metu saka kamar kono
supaya bisa kandha blak-blakan karo
sedulur-seduluré mau.
2 Bareng para abdi wis padha metu
Yusuf banjur nangis seru banget, nganti
wong Mesir padha krungu, lan ngaturaké
marang Sang Pringon.
3 Yusuf clathu marang sedulur-seduluré,
"Aku iki Yusuf! Bapak apa isih sugeng?"
Krungu tembungé Yusuf sing mengkono
mau, para sedulur-seduluré wedi banget
nganti ora bisa kumecap.
4 Yusuf clathu menèh, "Majua mréné."
Banjur padha nyedhak. Yusuf clathu

menèh, "Aku iki Yusuf, sing biyèn kokedol menyang Mesir.

5 Aja kuwatir lan aja nutuh awakmu dhéwé, awit wis dadi kersané Allah piyambak ngutus aku mréné, ndhisiki tekamu, supaya aku nylametaké wong akèh.

6 Mangsané pailan lagi kelakon rong taun, isih limang taun lawasé ora bakal ana wong mluku utawa panèn.

7 Allah wis ngutus aku ndhisiki lakumu mréné supaya nylametaké kowé, mengkono uga anak-turunmu kabèh, srana patrap sing élok iki.

8 Dadi dudu kowé sing nggawa aku mréné, nanging Allah piyambak. Panjenengané sing ngangkat aku dadi pegawéné Sang Pringon sing dhuwur dhéwé. Aku dipitaya mrenata sanegara kabèh. Sakèhé pangwasa ing Mesir ana ing tanganku.

9 Saiki kowé padha énggal muliha, matura marang bapak mengkéné, 'Keng putra Yusuf meling kula matur dhateng bapak: Gusti Allah sampun ngangkat kula dados pangwaos ing satanah Mesir sedaya. Bapak kula aturi tumunten rawuh mrika.

10 Saged manggèn ing tanah Gosèn,
supados celak kaliyan kula, semanten
ugi putra-putra lan para wayah,
ménda-ménda lan lembu tuwin sedaya
kagunganipun.
11 Menawi manggèn ing Gosèn kula
saged nyekapi sedaya kabetahanipun
bapak. Mangsanipun pailan taksih
gangsal taun malih. Lan kula badhé
ikhtiyar, supados bapak, brayat-brayat
lan kéwan ingah-ingahan mboten
kekirangan tedha.’"
12 Yusuf nerusaké clathuné, "Tamatna
aku. Kowé Bènyamin, delengen aku, aku
rak Yusuf temenan.
13 Aturna marang bapak, sepira
gedhéné pangwasaku ing Mesir kéné,
lan critakna kabèh apa sing padha
kokdeleng. Banjur énggal-énggal bapak
boyongen mréné."
14 Bènyamin, adhiné, nuli dirangkul
karo nangis. Bènyamin mèlu nangis lan
ngrangkul kakangné.
15 Isih karo nangis Yusuf ngrangkuli
kakangné siji-siji lan diambungi. Sawisé
kuwi banjur padha jagongan.

16 Bareng mireng yèn Yusuf ketamon
sedulur-seduluré, Sang Pringon lan para
pegawéné padha mèlu bungah.
17 Pangandikané Sang Pringon marang
Yusuf, "Sedulur-sedulurmu kandhanana
supaya padha nggawaa pangan
sakuwaté, digawa mulih menyang
Kenaan.
18 Konen mboyong bapakné lan
brayat-brayaté mréné. Bakal dakwènèhi
palemahan sing apik dhéwé satanah
Mesir, supaya padha bisa urip sarwa
kecukupan saka pametuné lemah mau.
19 Sedulur-sedulurmu kandhanana: Yèn
methuk bapakné lan brayaté supaya saka
kéné nggawa kréta, karebèn ditumpaki
wong-wong wadon lan anak-anaké sing
isih cilik.
20 Ora susah padha owel ninggal
barang-barangé sing ora kegawa, merga
ana ing kéné bakal padha dicepaki
barang sing apik dhéwé ing satanah
Mesir."
21 Anak-anaké Yakub nglakoni apa sing
didhawuhaké mau. Yusuf awèh kréta,
kaya sing didhawuhaké Sang Pringon,
karo pangan kanggo sangu ana ing
dalan.

22 Para seduluré diwènèhi penganggo
anyar sasetèl-sasetèl, nanging Bènyamin
diwènèhi telung setèl lan dhuwit slaka
telung atus.
23 Bapakné dikirimi barang-barang sing
apik dhéwé satanah Mesir, dimomotaké
kuldi sepuluh iji. Kuldi sepuluh liyané
dimomoti gandum, roti lan panganan
liya-liyané kanggo sangu ana ing dalan
yèn mbésuk lunga menyang Mesir.
24 Yusuf banjur nguntapaké sedulur-
seduluré budhal, lan nalika mangkat
padha diweling, supaya ana ing dalan
aja padha tutuh-tinutuh.
25 Mengkono enggoné padha mlaku
saka tanah Mesir mulih menyang
Kenaan, ketemu karo Yakub, bapakné.
26 Yakub dicritani, "Pak, Yusuf jebul
taksih gesang. Samenika nyepeng
pangwaos sanegari Mesir!" Krungu sing
mengkono mau Yakub rasané kaya
disamber bledhèg, lan ora ngandel
babar-pisan.
27 Yakub lagi ngandel temenan bareng
padha nyritakaké kabèh sing diwelingaké
Yusuf lan weruh kréta sing kanggo
methuk bapakné samangsa menyang
Mesir.

28 Clathuné Yakub, "Dadi, anakku Yusuf
isih urip! Yèn mengkono wis lega atiku.
Aku kepéngin weruh mumpung aku isih
urip!"

46 1 Yakub ngringkesi barang-
darbèké, banjur lunga menyang
Bèrsyéba, saos kurban marang Allah,
sesembahané Iskak, bapakné.
2 Nalika wayah bengi Gusti Allah
ngandika marang Yakub sajroné impèn,
"Yakub, Yakub." Wangsulané Yakub,
"Kula, Gusti!"
3 Pangandikané Allah, "Aku iki Allah,
sesembahané bapakmu. Aja kuwatir
bab enggonmu arep lunga menyang
Mesir. Ana ing kana anak-turunmu bakal
Dakdadèkaké bangsa gedhé.
4 Aku bakal ngirid lakumu menyang
Mesir, lan lakuné anak-turunmu bali
mréné. Yusuf bakal nunggoni kowé
nganti sangajalmu!"
5 Yakub banjur budhal saka Bèrsyéba,
nunggang kréta kiriman saka ing Mesir,
semono uga para mantuné wadon lan
putu-putuné sing isih cilik-cilik.
6 Ingon-ingoné lan kabèh barang
darbèké enggoné olèh ana ing tanah
Kenaan digawa menyang Mesir.

7 Semono uga anak-putuné kabèh
lanang lan wadon.
8 Wargané brayaté Yakub sing mèlu
menyang Mesir yakuwi:
9 Rubèn, anaké mbarep, karo anak-
anaké: Hénokh, Palu, Hézron lan
Karmi.
10 Siméon, karo anak-anaké: Yemuèl,
Yamin, Ohad, Yakin, Zohar lan Saul,
anak patutan saka bojoné asal Kenaan.
11 Lèwi karo anak-anaké: Gèrson, Kéhat
lan Mérari.
12 Yéhuda karo anak-anaké: Séla, Pèrès
lan Zérah. (Anaké Yéhuda liyané: Èr lan
Onan mati ana ing Kenaan.) Anak-anaké
Pèrès, yakuwi Hézron lan Hamul.
13 Isakar karo anak-anaké: Tola, Puah,
Ayub lan Simron.
14 Zébulon, karo anak-anaké: Sérèd,
Élon lan Yahléèl.
15 Kabèh kuwi anak-anaké Yakub sing
patutan saka Léa, lan kalairaké ana ing
Mésopotamia. Kejaba kuwi isih duwé
anak wadon jenengé Dina. Dadi turuné
Yakub patutan saka Léa mau kabèh
cacahé telung puluh telu.
16 Gad karo anak-anaké: Ziflon, Hagi,
Syuni, Èzbon, Éri, Arodi lan Arèli.

17 Asyèr karo anak-anaké: Yimna,
Yiswa, Yiswi, lan Béria, sarta anaké
wadon sing jeneng Sérah. Anak-anaké
Béria yakuwi: Hèbèr lan Malkièl.
18 Kabèh kuwi anaké Yakub patutan
saka Zilpa, baturé wadon olèhé mènèhi
Laban marang Léa, anaké wadon.
19 Rahèl, bojoné Yakub liyané duwé
anak lanang loro, yaiku: Yusuf lan
Bènyamin.
20 Ana ing Mesir Yusuf duwé anak loro,
yaiku Manasyè lan Éfraim, patutan saka
Asnat, anaké wadon Potiféra, imam ing
Héliopolis.
21 Anak-anaké Bènyamin yakuwi: Béla,
Bèkèr, Asibèl, Naaman, Éhi, Ros, Mupim,
Hupim lan Atèd.
22 Wong patbelas mau anak putuné
Yakub patutan saka Rahèl.
23 Dhan karo Husim, anaké.
24 Naftali karo anak-anaké: Yahzéèl,
Guni, Yézèr lan Silèm.
25 Wong pitu kuwi anak-turuné Yakub
patutan saka Bilha, batur wadon olèhé
mènèhi Laban marang Rahèl, anaké
wadon.

[26] Anak lan putu-putuné Yakub — ora
kepétung mantu-mantuné — kabèh
cacahé sewidak enem.
[27] Anak-anaké Yusuf sing lair ing tanah
Mesir ana loro, dadi brayaté Yakub sing
ana ing Mesir cacahé kabèh pitung puluh
wong.
[28] Yakub kongkonan Yéhuda mangkat
ndhisiki nemoni Yusuf supaya methuk
ana ing Gosèn.
[29] Yusuf banjur numpak kréta menyang
Gosèn methuk bapakné. Bareng ketemu
Yusuf ngrangkul bapakné, diambungi
karo nangis nganti suwé.
[30] Clathuné Yakub marang Yusuf, "Saiki
aku lila mati, merga wis weruh kowé isih
urip."
[31] Yusuf banjur kandha karo kakang-
kakangné lan sanak-seduluré liyané,
"Aku daksowan Sang Pringon dhisik,
ngaturi pirsa yèn sanak-sedulurku sing
saka Kenaan wis teka kabèh.
[32] Dakmatur pisan yèn sanak-sedulurku
kuwi tukang angon wedhus lan sapi, lan
yèn raja-kayané tuwin sebarang darbèké
wis digawa mréné kabèh.
[33] Yèn didhawuhi sowan lan didangu
bab pegawéanmu,

34 padha matura yèn kowé kabèh
tukang ngingu raja-kaya wiwit cilik
mula, ora béda karo para leluhurmu.
Mengko kowé rak didhawuhi manggon
ana ing tanah Gosèn." Enggoné kandha
mengkono mau merga Yusuf ngerti yèn
wong Mesir kuwi ora seneng srawung
karo tukang ngingu raja-kaya.

47 1 Yusuf ngajak seduluré lima
sowan Sang Pringon. Unjuké,
"Bapak lan sedhèrèk-sedhèrèk kula
sampun dhateng saking tanah Kenaan,
mbekta raja-kayanipun, ménda lan
lembu, tuwin barang-darbèkipun sedaya.
Samenika taksih sami wonten ing tanah
Gosèn."
2 Sedulur-seduluré mau banjur
dikenalaké karo Sang Pringon.
3 Pendanguné Sang Pringon marang
wong-wong mau, "Pegawéanmu apa?"
Wangsulané, "Kula sami ngingah
raja-kaya, kados para leluhur kula, gusti.
4 Késah kula mriki mergi negari Kenaan,
ingkang kula enggèni, saweg katerjang
pailan. Saking sangetipun ngantos ing
papan pangènan mboten wonten rumput
kanggé nedhani kéwan-kéwan kula.

Keparenga kula sami manggèn ing tanah
Gosèn."
5 Sang Pringon banjur ngandika
marang Yusuf, "Sarèhné bapakmu lan
sedulur-sedulurmu wis tekan kéné,
6 karebèn dadi wargané negara Mesir,
lan nggarap lemah ing kéné, mapanna
ing tanah Gosèn. Kuwi tanah sing apik
dhéwé sanegara Mesir. Yèn ana sing
pinter, pasrahana nyekel raja-kayaku
pisan."
7 Yusuf uga nyowanaké bapakné,
ditepungaké karo Sang Pringon. Sang
Pringon banjur diberkahi déning Yakub.
8 Pendanguné marang Yakub, "Umur
sampéyan pinten?"
9 Wangsulané Yakub, "Umur kula
satus tigang dasa taun lan selaminipun
menika nglembara. Katandhing kaliyan
umuripun para leluhur kula, ingkang
ugi dados tiyang nglembara, umur kula
taksih sekedhik, tur namung kebak
kasangsaran."
10 Sawisé mengkono Yakub banjur
pamitan karo mberkahi Sang Pringon.
11 Yusuf ngéguhaké pemanggoné
bapakné lan sedulur-seduluré ana ing
tanah Mesir. Padha diwènèhi lemah

sing becik dhéwé ing negara kono,
cedhak karo kutha Ramsès, kaya sing
didhawuhaké Sang Pringon.
12 Bapakné lan sanak-seduluré tekan
sing cilik dhéwé padha dicukupi pangané.
13 Pailané gedhé banget nganti wong
satanah Mesir dalasan Kenaan padha
nandhang keluwèn.
14 Saben ana wong tuku gandum Yusuf
nyetoraké dhuwit pepayoné mau marang
kedhatoné Sang Pringon.
15 Bareng ing Mesir lan ing Kenaan wong
wis padha ora duwé dhuwit kanggo tuku
gandum, wong-wong banjur nemoni
Yusuf lan kandha, "Kula sami nyuwun
tedha. Sampun ngantos dipun tégakaken
pejah kaliren. Kula sampun katelasan
arta, mila nyuwun dipun éguhaken."
16 Wangsulané Yusuf, "Yèn dhuwitmu
entèk, mbayara nganggo kéwan,
ingon-ingonmu."
17 Wong-wong banjur padha ngeteraké
ingon-ingoné marang Yusuf rupa jaran,
wedhus gèmbèl, wedhus jawa, sapi
lan kuldi, diijolaké pangan. Dadi ing
taun kuwi wong-wong padha diwènèhi
pangan, lironan karo kéwan ingon-ingon.

18 Ing taun candhaké wong-wong
mau padha nemoni Yusuf menèh,
aturé, "Gusti, walèh-walèh menapa.
Kula sampun sami katelasan arta lan
kéwan ingah-ingahan kula, sampun
kula saosaken panjenengan sedaya.
Kula mboten saged nyaosaken menapa-
menapa, kejawi badan kula lan pasitèn
kula.
19 Sampun ngantos kula dipun
tégakaken pejah kaliren, nyuwun
dipun éguhaken! Pasitèn kula sampun
ngantos sami bera. Sumangga kula
aturi mundhut badan kula lan pasitèn
kula, kalintonana tedha. Kula badhé
dados réncang-tumbasanipun Sang
Pringon lan pasitèn kula kajengipun
dados kagunganipun. Kula nyuwun dipun
paringi gandum kanggé sangu gesang
lan winih supados siti kula mboten bera."
20 Yusuf banjur nukoni lemah satanah
Mesir kabèh. Saben wong kepeksa
ngedoli lemahé, saka bangeté pailan.
Mengkono labeté Yusuf, lemah satanah
Mesir dadi kagunganè Sang Pringon.
21 Lan kabèh wong sanegara Mesir dadi
batur-tukoné.

22 Mung lemahé para imam dhéwé sing
ora dituku Yusuf. Para imam ora prelu
ngedoli lemah, merga para imam uripé
dicukupi déning Sang Pringon.
23 Clathuné Yusuf marang rakyat, "Kowé
lan lemahmu wis dadi kagungané Sang
Pringon. Kowé dakwènèhi wiji, sebaren
ana ing palemahanmu.
24 Mbésuk yèn panèn, sapralimané
pametuné saosna marang Sang Pringon.
Liyané enggonen wiji lan enggonen
mangan karo brayatmu."
25 Wangsulané wong-wong mau, "Matur
nuwun sanget, gusti. Mergi saking
pitulungan panjenengan kula sami saged
gesang. Kula sami rila dados abdinipun
Sang Pringon."
26 Banjur digawé prenatan déning
Yusuf kanggo sanegara Mesir kabèh,
yakuwi sapralimané pametuné panènan
kudu disaosaké marang Sang Pringon.
Prenatan mau isih dienggo nganti
sepréné. Mung lemahé para imam ora
dadi kagungané Sang Pringon.
27 Wong Israèl padha manggon ana ing
tanah Mesir, ing daérah Gosèn, padha
dadi sugih, lan bebranahan ana ing kono.

28 Yakub urip pitulas taun ana ing tanah
Mesir, dadi nyandhak umur satus patang
puluh pitu taun.
29 Bareng wis cedhak ngajalé, banjur
kongkonan marani Yusuf, anaké,
tembungé, "Tanganmu tumpangna ana
ing cethikku lan sumpaha yèn kowé ora
arep ngubur aku ana ing tanah Mesir.
30 Aku kuburen ana ing kuburané para
leluhurku. Jisimku gawanen mrana
lan kuburen ana ing kuburané para
leluhurku." Yusuf banjur mangsuli,
"Dhawuhipun bapak badhé kula
èstokaken."
31 Clathuné Yakub, "Kowé sumpaha."
Yusuf nuli sumpah, lan Yakub banjur
saos panuwun.

48 1 Ora let suwé Yusuf dikabari
yèn bapakné lara. Mulané banjur
mangkat, ngajak anaké loro, yakuwi:
Manasyè lan Éfraim.
2 Nalika krungu Yusuf teka, Yakub
ngetog kekuwatané supaya bisa
njenggèlèk, banjur lungguh ing
peturoné.
3 Clathuné marang Yusuf, "Allah Kang
Mahakwasa wis ngetingal marang aku

ana ing Lus, ing tanah Kenaan, lan
mberkahi aku,
4 pangandikané, ‘Kowé bakal Dakparingi
anak-putu akèh, supaya anak-turunmu
dadi bangsa pirang-pirang. Tanah
Kenaan iki bakal Dakparingaké marang
anak-turunmu dadi darbèké ing
selawas-lawasé.’"
5 "Yusuf, nggèr! Anakmu Éfraim lan
Manasyè sing lair ing tanah Mesir,
sadurungé aku tekan kéné, kuwi dakpèk
anak. Kuwi anakku, ora béda karo Rubèn
lan Siméon.
6 Yèn kowé duwé anak menèh, anak
mau ora dakanggep anakku, nanging
tetep dadi anakmu. Warisané kajupukaké
saka warisané Éfraim lan Manasyè.
7 Dakgawé mengkono merga saka
Rahèl, ibumu. Aku sedhih banget nalika
ditinggal mati ana ing tanah Kenaan,
ora adoh saka Éfrata, saulihku saka
Mésopotamia. Ibumu dakkubur ing kana,
ing pinggir dalan sing menyang Éfrata."
(Éfrata mau saiki disebut: Bètléhèm.)
8 Nalika weruh anak-anaké Yusuf, Yakub
takon, "Bocah-bocah kuwi sapa?"
9 Wangsulané Yusuf, "Menika anak kula,
paringipun Gusti Allah, sadangunipun

kula wonten Mesir." Pangucapé
Yakub, "Konen nyedhak mréné, arep
dakberkahi."
10 Pandelengé Yakub wis suda, merga
saka tuwané. Mung kari lamat-lamat.
Bocah loro mau dicedhakaké karo Yakub
déning bapakné. Yakub ngrangkul bocah
loro mau karo diambungi.
11 Yakub banjur clathu, "Daksengguh
aku wis ora bakal ketemu karo kowé
menèh, jebul Gusti Allah marengaké
aku isih bisa ndeleng kowé, malah uga
anak-anakmu."
12 Yusuf ngangkat anak-anaké saka
pangkoné bapakné, banjur sungkem
dhéwé ana ing ngarepé Yakub.
13 Sawisé kuwi banjur mrenahaké
Éfraim, sing ragil ing sisih kiwané Yakub,
lan Manasyè, sing mbarep, ana ing sisih
tengené. Nanging Yakub numpangaké
tangané tengen ana ing sirahé Éfraim lan
tangané kiwa ana ing sirahé Manasyè.
14 (48:13)
15 Sawisé mengkono Yusuf nuli
diberkahi, tembungé, "Muga-muga
Allah, sing dibektèni Abraham lan Iskak
sajroné nglembara, iya Allah kang ngirid
lakuku tekan sepréné,

16 lan muga-muga Malaékat sing
ngluwari aku saka sakèhing rubéda
mberkahi bocah loro iki. Muga-muga
jenengku lan jenengé Abraham lan Iskak
dilestarèkaké ana ing bocah-bocah iki!
Muga-muga kowé padha bebranahan lan
kaparingan turun pirang-pirang."
17 Ing batin Yusuf ora seneng Yakub
numpangaké tangané tengen ana ing
sirahé Éfraim, mulané tangané bapakné
nuli diangkat lan dielih saka sirahé
Éfraim ana ing sirahé Manasyè.
18 Aturé marang bapakné, "Pak, klintu.
Ingkang mbajeng menika. Astanipun
bapak ingkang tengen katumpangna ing
sirahipun laré menika!"
19 Nanging Yakub meksa ora gelem
ngelih tangané tengen, pangucapé,
"Nggèr, aku ngerti. Anak-turuné Manasyè
uga bakal dadi bangsa gedhé. Nanging
pangwasané adhiné bakal luwih gedhé.
Lan anak-anaké adhiné bakal dadi
bangsa gedhé pirang-pirang."
20 Bocah loro mau sanalika iku uga nuli
padha diberkahi, tembungé, "Jenengmu
bakal disebut samasa wong Israèl
andum berkah. Bakal padha clathu,
‘Muga-muga Allah ndadèkaké kowé kaya

Éfraim lan Manasyè.'" Mengkono Éfraim
mau diprenahaké sandhuwuré Manasyè.
21 Yakub banjur kandha karo Yusuf,
"Kowé ngerti yèn ora suwé menèh aku
bakal kapundhut, nanging Gusti Allah
sing bakal nganthi kowé kabèh, lan
ngirid kowé mulih menyang tanahé
leluhurmu.
22 Kowé dhéwé, dudu sedulur-
sedulurmu, dakbagèhi tanah Sikèm,
tanah sing subur, sing biyèn dakrebut
saka wong Amori, daklakoni perang,
nganggo pedhang lan panahku."

49 1 Yakub nglumpukaké anak-anaké
lan dikandhani, "Padha mrénéa,
cedhak karo aku. Dakkandhani apa sing
mbésuk bakal padha kokalami."
2 "Anak-anakku, padha ngrungokna,
padha gatèkna tembungé Israèl,
bapakmu.
3 Rubèn, anakku sing mbarep, kowé
kuwi kekuwatanku sing maujud, woh
sing kawitan saka enggonku dadi wong
lanang, kowé sing gagah prakosa dhéwé
ing antarané anak-anakku.
4 Karosanmu presasat banjir bandhang,
nanging wurung dadi pembarep, merga

kowé wis ngumpuli bojoné bapakmu, lan
gawé jemberé peturonku.
5 Kowé Siméon lan Lèwi, kowé
padha sasedulur. Gamanmu kokenggo
ngrodha-peksa.
6 Aku ora seneng mèlu ing pirembugané,
merga yèn wis muring tegel matèni
wong. Sapi lanang dikencèt[d] nganti
lumpuh, mung kanggo kesenengan.
7 Nepsuné kenaa ing supata, semono
uga brangasané lan ambek siyané. Kowé
bakal daksebar wrata ing satanah Israèl.
Bakal dakpencar-pencar ing antarané
sedulur-seduluré.
8 Yéhuda, kowé bakal dialem déning
para sedulurmu, kowé bakal mbekuk
githoking mungsuhmu, lan sedulur-
sedulurmu bakal nungkul marang
kowé.
9 Yéhuda kaya anaké singa, sawisé
matèni mangsané banjur bali menyang
pandhelikané, ngulèt banjur turu. Sapa
sing wani nggepok?
10 Yéhuda bakal nyekel pangwasané
keprabon, turuné bakal ana sing dadi
raja ing selawas-lawasé. Bangsa-bangsa
bakal padha saos bulu-bekti marang

---

[d]dikencèt: otot sukunipun dipun iris.

dhèwèké, sarta nyembah lan sujud ana
ing ngarepé.
11 Wit anggur sing becik dhéwé
dienggo nyancang kuldiné, penganggoné
dikumbah ing anggur, sing abangé kaya
getih.
12 Mripaté mbranang merga ngombé
anggur, untuné putih merga ngombé
susu.
13 Zébulon bakal manggon ing
pinggiring segara. Prau-prau bakal
padha labuh ing pelabuhané. Wilayahé
jembaré bakal tekan tapel watesé Sidon.
14 Isakar, kaya kuldi sing rosa,
nglémprak ing antarané karung-karung
momotan.
15 Yèn weruh panggonan sing
becik kanggo ngaso lan tanah sing
nyenengaké, gegeré banjur mendhak,
nampani momotan, mulané dipeksa
nyambut-gawé kaya batur-tukon.
16 Déné kowé Dhan, bakal dadi hakim
ing antarané bangsamu, talermu bakal
ora kalah karo taler-taler liyané ing
Israèl.
17 Kowé kaya ula ing pinggir dalan,
ula sing mandi ing pinggir lurung, sing

nyokot tungkaké jaran, nganti sing
nunggang kejungkel.
18 ‘Dhuh Allah, kawilujengan saking
Paduka, menika ingkang kula ajeng-
ajeng.’
19 Gad, kowé bakal dirampog, nanging
kowé bakal genti ngrampog.
20 Asyèr, palemahanmu bakal metokaké
pangan nganti lubèr, pangan sing pantes
didhahar para raja.
21 Naftali, kaya menjangan ing alas,
anak-anaké apik-apik rupané.
22 Yusuf kaya anggur sing subur,
sing tuwuh ing sapinggiring sumber,
pang-pangé ngrembuyung mrambat
nglangkahi pager.
23 Ditempuh déning mungsuhé, dioyak
nganggo gendhéwa lan panah,
24 nanging panahé (Yusuf) panggah, lan
lengené tetep rosa, merga disantosakaké
déning Allahé Yakub Kang Mahakwasa,
déning Pangon, Pengayomané Israèl.
25 Allahé bapakmu mitulungi kowé.
Kang Mahakwasa mberkahi kowé, srana
udan saka ing langit, lan sumber saka
ing dhasaré bumi. Diparingi anak lan
raja-kaya,

26 gandum lan kekembangan.
Gunung-gunung sing wis tuwa banget,
barang-barang sing nyenengaké saka
gunung kalanggengan. Muga-muga
berkah mau kabèh tumurun ing sirahé
Yusuf lan ing embun-embuné. Merga
dhèwèké sing dipilih saka ing antarané
sedulur-seduluré.
27 Bènyamin, kaya asu ajag sing
galak; ésuk golèk mangsan, soréné
ngemah-ngemah nganti ludhes."
28 Kuwi kabèh taleré Israèl, cacahé
rolas, lan disebut déning bapakné nalika
andum berkah marang anak-anaké,
saben anak diberkahi dhéwé-dhéwé.
29 Sawisé kuwi Yakub banjur weling
karo anak-anaké mengkéné, "Ora suwé
menèh aku bakal tinggal-donya, kaya
para leluhurku. Mbésuk aku kuburen ing
kuburané leluhurku, ing guwa, sing ana
ing palemahané Éfron, wong Hèt kaé.
30 Ing Guwa Mahpéla, sawétané Mamré,
ing tanah Kenaan. Guwa kuwi wis dituku
Abraham saka Éfron, digawé kuburan.
31 Abraham lan Sarah, Iskak lan Ribkah
wis padha dikubur ana ing kono. Léa uga
dakkubur ing kana.

32 Palemahan lan guwa kuwi wis dituku
saka wong Hèt. Aku kuburen ana ing
kono uga."
33 Sawisé ninggal weling marang
anak-anaké, Yakub banjur turon lan
tilar-donya.
50 1 Yusuf banjur ngrung kebi
bapakné, rainé diambungi karo
nangis.
2 Yusuf kongkonan para abdiné njebadi
layoné.
3 Caranė njebadi layon mau manut
tata-cara, suwéné nganti patang puluh
dina. Déné wong Mesir nganakaké
patangisan suwéné pitung dina.
4 Sawisé wektuné pelayadan rampung,
Yusuf banjur kongkonan pegawé kraton,
"Matura marang Sang Pringon,
5 ‘Nalika bapak kula ngajengaken
tilar-donya, akèn kula sumpah, supados
jisimipun kula kubur ing kuburan,
ingkang sampun kacawisaken ing
tanah Kenaan. Pramila kula nyuwun
palilah késah mrika ngubur bapak kula.
Sesampunipun rampung kula badhé
wangsul malih.’"

6 Sang Pringon banjur ngandika,
"Mangkata, bapakmu kuburen miturut
janjimu."
7 Yusuf banjur budhal arep ngubur
bapakné. Pegawé kraton kabèh, para
sesepuh lan para penggedhéné Mesir,
kerig lampit mèlu ngeteraké Yusuf
nguntapaké layoné bapakné.
8 Brayaté, sedulur-seduluré lan sanak-
kadangé ora ana sing kèri, kabèh padha
mèlu nguntapaké layoné Yakub. Mung
bocah-bocah lan kéwan ingon-ingon sing
kari ana ing tanah Gosèn.
9 Prejurit sing numpak kréta perang
lan sing numpak jaran uga padha mèlu.
Nganti iring-iringané sing nguntapaké
layon dawa banget.
10 Satekané ing désa Atad, ing
panggonané wong nutu gandum,
sawétané Kali Yardèn, banjur dianakaké
petangisan sing sora banget. Ana ing
kono Yusuf ngadani upacara penguburan
pitung dina.
11 Wong Kenaan sing padha ndeleng
upacara penguburan ing Atad mau padha
muni, "Wah, apik temen petangisané

wong Mesir kuwi." Mulané panggonan
mau dijenengaké: Abèl-Mizraim.[e]
12 Mengkono anak-anaké Yakub
enggoné nglakoni apa sing diwelingaké
bapakné.
13 Layoné digawa menyang tanah
Kenaan lan dikubur ing Guwa Mahpéla,
sawétané Mamré, ing palemahan sing
dituku Abraham saka Éfron, wong Hèt,
kanggo kuburan.
14 Sawisé rampung ngubur bapakné,
Yusuf banjur bali menyang Mesir,
bebarengan karo para seduluré lan wong
kabèh sing padha mèlu nguntapaké
layon.
15 Bareng bapakné tilar-donya, sedulur-
seduluré Yusuf padha rerasanan, "Yèn
Yusuf isih ngendhem sengit karo kita
lan males piala, sing biyèn kita lakoni,
sing gawé sengsarané, awaké dhéwé iki
mesthi cilaka."
16 Mulané banjur padha kongkonan
nemoni Yusuf, tembungé, "Sadurungé
bapak tilar-donya ninggal weling kanggo
kowé mengkéné,

---

[e]Abèl-Mizraim: tanah ngaré Mesir. (Ébèl-Mizraim: Petangisan Mesir).

17 ‘Kaluputané para sedulurmu marang
kowé apuranen! Mulané aku, para abdiné
Allah, iya Allah sing dibektèni déning
bapak, sakèhé kaluputanku marang
kowé apuranen.’" Krungu piwelingé
sedulur-seduluré mau Yusuf banjur
nangis.
18 Sedulur-seduluré nuli padha teka
dhéwé lan sujud jèngkèng ana ing
ngarepé Yusuf karo kandha, "Aku
dadèkna batur-tukonmu."
19 Nanging Yusuf mangsuli, "Aja kuwatir.
Aku dudu Allah.
20 Kowé wis padha ngrantam nindakaké
piala marang aku, nanging Gusti Allah
piyambak sing ngowahi niatmu sing ala
mau, digawé srana mitulungi wong akèh,
sing padha urip saiki-iki, merga lelakon
sing kepungkur.
21 Aja sumelang. Aku sing arep ngopèni
uripmu lan uripé anak-anakmu."
Mengkono Yusuf enggoné nentremaké
sedulur-seduluré nganggo tembung
panglipur sing nglejaraké ati, nganti
kabèh padha lega.
22 Yusuf tetep manggon ing tanah Mesir,
karo sanak-seduluré, nganti umur satus
sepuluh taun.

23 Isih menangi Éfraim duwé putu. Uga menangi lairé anak-anaké Makir, putuné Manasyè.
24 Kandhané Yusuf karo sedulur-seduluré, "Ora suwé menèh aku bakal mati, nanging Gusti Allah bakal ngopèni kowé kabèh lan ngirid kowé metu saka negara kéné, menyang negara sing wis dijanjèkaké marang Abraham, Iskak lan Yakub."
25 Sedulur-seduluré banjur padha dikon sumpah, tembungé, "Sumpaha, yèn samasa Gusti Allah ngirid kowé metu saka tanah kéné, balungku bakal kokgawa pisan."
26 Yusuf banjur tilar-donya ing tanah Mesir, genep umur satus sepuluh taun. Layoné nuli dijebadi lan dilebokaké ing trebela.

Keluaran

1 [1] Para putrané Yakub sing padha
mèlu budhal menyang tanah Mesir,
bebarengan karo para brayaté yaiku:
[2] Rubèn, Siméon, Lèwi, Yéhuda,
[3] Isakar, Zébulon, Bènyamin,
[4] Dhan, Naftali, Gad, Asyèr.
[5] Turuné Yakub mau kabèh ana pitung
puluh, déné putrané lanang sing jeneng
Yusuf wis ndhisiki ana ing Mesir.
[6] Yusuf dhéwé lan sedulur-seduluré,
sarta sabarakané wis padha mati kabèh,
[7] nanging turuné, yakuwi wong-wong
Israèl, padha bebranahan dadi akèh
banget, nganti ngebaki tanah Mesir.
[8] Mula bareng ana raja anyar sing ora
pirsa bab sejarahé Yusuf wiwit nyekel
pepréntahan ing Mesir.
[9] Raja mau ngandika marang rakyaté,
"Bangsa Israèl kuwi tumrap kita
mbebayani, sebab cacahé akèh banget
tur wongé rosa-rosa.
[10] Samasa ana perang, wong-wong
kuwi bisa uga mèlu mungsuh nglawan
kita, banjur lunga saka negara kéné.

Kita kudu golèk réka bisané wong-wong
kuwi ora sangsaya tambah akèh."
11 Kanggo nindhes bangsa Israèl, wong
Mesir banjur ngangkat wong-wong
kereng kadadèkaké mandhor nglurahi[a]
wong Israèl. Bangsa Israèl dipeksa
mbangun kutha Pitom lan Raamsès,
minangka gudhang kanggo nyimpen
bandhané Sang Pringon.[b]
12 Nanging senajan wong Israèl
ditindhes, cacahé malah saya tambah
akèh lan sumebar sanegara kabèh; mula
wong Mesir dadi saya wedi banget.
13 Wong Israèl banjur ditindhes tanpa
welas,
14 nganti uripé sangsara banget.
Wong-wong mau padha dipeksa gawé
bata kanggo yasa bangunan-bangunan
sarta dikon nggarap palemahané wong
Mesir.
15 Sang Pringon dhawuh marang para
dhukun bayi sing padha tulung marang
para wong wadon Ibrani, yaiku dhukun
Sifrah lan dhukun Puah.

---

[a]nglurahi: mbawahaken.
[b]Sang Pringon: julukanipun raja ing tanah Mesir.

16 Mengkéné, "Yèn kowé padha
tulung wong Ibrani setitèkna! Yèn lair
lanang patènana, déné yèn wadon aja
kokpatèni!"
17 Nanging dhukun-dhukun bayi
mau padha wedi marang Allah lan
ora nglakoni dhawuhé Sang Pringon.
Bayi-bayi lanang ora padha dipatèni.
18 Sang Pringon banjur nimbali dhukun-
dhukun bayi mau sarta ndangu, "Apa
sebabé bayi-bayi lanang ora kokpatèni?"
19 Wangsulané, "Tiyang èstri Ibrani
menika mboten kados tiyang èstri
Mesir. Tiyang-tiyangipun gampil sanget
nglairaken. Sadèrèngipun dhukun bayi
dhateng, bayinipun sampun lair."
20 Merga saka kuwi Allah mberkahi
marang dhukun-dhukun bayi mau sarta
maringi turun akèh banget, sebab
wong-wong mau padha wedi marang
Allah. Bangsa Israèl saya tambah akèh
lan saya sentosa.
21 (1:20)
22 Sang Pringon banjur dhawuh marang
rakyaté kabèh, "Saben ana bayiné wong
Ibrani lair lanang kudu dibuwang ing
Bengawan Nil, nanging sing lair wadon
aja kokpatèni!"

2 [1] Nalika semana ana wong lanang
turun-Lèwi ningkah karo wong wadon
uga turun-Lèwi;
[2] wong wadon mau nglairaké anak
lanang. Bareng weruh yèn bayiné mau
bagus banget, banjur didhelikaké nganti
telung sasi lawasé.
[3] Nanging sarèhné brayat mau ora
bisa ngumpetaké menèh, nuli gawé
wadhah saka glagah nganggo dipopok
tir supaya ora klebon banyu. Bayiné
nuli disèlèhaké ing wadhah mau,
banjur digawa menyang kali. Wadhah
mau nuli didokok ana ing satengahing
glagah-glagah ing pinggir Bengawan Nil.
[4] Déné mbakyuné bayi mau ngadeg
kepara adoh karo ngawat-awati, merga
arep weruh kepriyé bakal kedadéané.
[5] Ing kono putrané putri Sang Pringon
tindak menyang kali arep siram; déné
para embané padha mlaku-mlaku ing
pinggir kali kono. Dumadakan putri mau
pirsa wadhah sing ana ing satengahé
glagahan, banjur utusan embané njupuk.
[6] Bareng pirsa yèn ing njero wadhah
ana bayiné, lan bayi mau nangis, putri
mau runtuh welasé, sarta ngandika, "Iki
genah anaké wong Ibrani."

7 Mbakyuné bayi mau banjur matur, "Menapa panjenengan kersa kula padosaken tiyang èstri Ibrani ingkang saged nesepi bayi menika?"
8 "Iya becik," mengkono wangsulané putrané putri Sang Pringon mau; bocah wadon mau banjur ngundang embokné.
9 Sang putri dhawuh marang embokné bayi, "Bayi iki gawanen, kowé bakal dakopahi." Bayiné banjur digawa sarta disusoni déning embokné.
10 Bareng bocahé wis gedhé, nuli diaturaké marang sang putri; bocah mau kapundhut dadi putra angkat lan diparingi jeneng Musa. Pangandikané, "Merga bocah iki dakentas saka ing banyu."
11 Bareng wis diwasa Musa nuli lunga niliki para seduluré, yaiku bangsa Ibrani. Ing kono Musa weruh enggoné wong-wong mau dipeksa nyambut-gawé abot. Malah iya weruh ana wong Mesir matèni wong Ibrani.
12 Musa nolèh ngiwa-nengen. Bareng dikira ora ana wong sing weruh, wong Mesir mau banjur dipatèni sarta dipendhem ing wedhi.

13 Ésuké Musa bali lan weruh ana wong
Ibrani loro lagi padha kerengan. Musa
takon marang wong sing luput, "Yagéné
kowé nggebugi wong Ibrani, bangsamu
dhéwé?"
14 Wangsulané wong mau, "Sapa sing
ngangkat kowé dadi penggedhé lan
hakim? Apa kowé iya arep matèni aku
kaya enggonmu matèni wong Mesir
wingi kaé?" Musa kuwatir, batiné, "Yèn
ngono, prekara iki wis konangan."
15 Bareng Sang Pringon mireng lelakon
mau, banjur golèk akal supaya bisa
matèni Musa. Nanging Musa lolos
saka ing kedhaton, nuli manggon ing
tanah Midian. Yitro, imam ing tanah
Midian kono duwé anak wadon pitu. Ing
sawijining dina, nalika Musa lagi lungguh
ing sacedhaké sumur, bocah wadon pitu
mau padha teka arep nimba kanggo
ngombèni wedhusé bapakné.
16 (2:15)
17 Nanging ana pangon lanang sawetara
teka. Bocah-bocah wadon mau nuli
padha ditundhung. Musa banjur ngadeg
nulungi bocah-bocah wadon mau sarta
ngombèni wedhus-wedhusé.

18 Nalika bocah-bocah wadon mau
tekan ing ngomah, ditakoni bapakné,
"Yagéné dina iki mulihmu gasik?"
19 Wangsulané, "Wonten tiyang Mesir
ingkang sampun nulungi kula saking
pretingkahipun para pangèn. Tiyang
menika malah nimbakaken sarta
ngombèni ménda-ménda."
20 "Saiki wongé ana ngendi?" pitakoné
Yitro marang anak-anaké. "Yagéné wong
mau koktinggal lunga? Coba undangen
mréné, kita ajak mangan bebarengan."
21 Musa sabanjuré mondhok ana ing
omahé Imam Yitro kono, malah banjur
dipèk mantu, diolèhaké anaké sing
jeneng Zipora.
22 Zipora mau mbabar anak lanang,
dijenengaké Gérsom, merga Musa duwé
gagasan mengkéné, "Aku ana ing kéné
iki wong manca."
23 Sawisé let pirang-pirang taun Sang
Pringon séda, nanging bangsa Israèl
uripé tetep sangsara, sebab dipeksa
nyambut-gawé abot, temah sambat
ngaru-ara nyuwun tulung marang Allah.
24 Gusti Allah midhangetaké pesambaté
bangsa Israèl mau lan ènget marang
janjiné karo Abraham, Iskak lan Yakub.

25 Gusti Allah mirsa kasangsarané
bangsa Israèl enggoné dadi batur,
mulané banjur nggatosaké marang
pesambaté.

3

1 Ing sawijining dina Musa angon
wedhus jawa lan wedhus gèmbèl
duwèké Imam Yitro, maratuwané,
yakuwi imam ing tanah Midian. Nalika
lagi nggiring wedhus-wedhusé pindhah
menyang ara-ara liyané, lakuné Musa
nganti tekan ing Gunung Sinai, yaiku
gunung suci.
2 Ing kono Malaékaté Pangéran rawuh
ing sajroning urubing geni kang ana
ing tengahing grumbul. Musa weruh
yèn grumbul mau murub nanging ora
kobong.
3 "Anèh," batiné. "Apa sebabé grumbul
kuwi ora kobong? Beciké dakparanané."
4 Nalika Allah mirsa Musa nyedhaki
panggonan mau, banjur ngandika saka
ing tengahing grumbul, "Musa! Musa!"
Unjuké Musa, "Nuwun! Kawula wonten
ing ngriki."
5 Gusti Allah banjur ngandika, "Aja
nyedhak! Trumpahmu copoten, sebab
lemah sing kokidak iku suci.

6 Aku iki Allahé leluhurmu, Allahé
Abraham, Iskak lan Yakub." Musa nuli
nutupi rainé, sebab wedi nyawang
marang Allah.

7 Gusti Allah banjur ngandika,
"Kasangsarané umat-Ku ing Mesir wis
Dakpirsani. Aku wis mireng pasambaté
wong-wong kuwi kang padha nyuwun
diluwari saka ing panindhesé wong
Mesir. Sejatiné Aku mirsa sakèhing
kasangsarané.

8 Mulané Aku tedhak prelu nguwalaké
wong-wong iku saka ing tanganing wong
Mesir sarta ngirid menyang papan sing
ombèr. Tanah sing gemah ripah, lan saiki
dienggoni wong Kenaan, Hèt, Amori,
Fèris, Hèwi lan Yébus.

9 Tangisé bangsa-Ku wis Dakpirengaké
sarta patrapé wong Mesir nindhes wis
Dakpirsani.

10 Saiki kowé Dakutus nemoni Sang
Pringon, lan nuntun umat-Ku metu saka
ing tanah kono."

11 Nanging Musa matur, "Kawula menika
sinten, déné kadhawuhan sowan raja lan
ngirid tiyang Israèl medal saking tanah
Mesir?"

12 Gusti Allah banjur ngandika, "Aku
bakal nunggil karo kowé sarta menawa
bangsa mau wis kokirid metu saka ing
tanah Mesir, kowé kabèh bakal ngabekti
marang Aku ing gunung iki. Yakuwi
buktiné yèn Aku kang ngutus kowé."
13 Aturé Musa, "Nanging menawi kawula
manggihi tiyang-tiyang Israèl, lajeng
kawula criyosi, ‘Gusti Allah pepundhèné
leluhurmu wis ngutus aku nemoni kowé
kabèh’, mangka tiyang-tiyang menika
lajeng takèn, ‘Sapa asmané?’, wangsulan
kawula dhateng tiyang-tiyang menika
lajeng kadospundi?"
14 Pangandikané Pangéran, "Aku iki
Panjenenganė Kang Ana. Wong-wong
mau kudu kokkandhani, ‘Panjenenganė
Kang Ana wis ngutus aku nemoni kowé
kabèh.’
15 Kandhakna karo bangsa Israèl, yèn
Aku iki Allah, sesembahané leluhuré,
Allahé Abraham, Iskak lan Yakub. Aku
wis ngutus kowé nemoni wong-wong
mau. Allah, yakuwi asma-Ku langgeng
selawas-lawasé, dadia sebutan-Ku
kanggo sakèhing bangsa turun-temurun.
16 Mangkata, para pemimpiné bangsa
Israèl kabèh padha kumpulna. Kandhaa

karo wong-wong mau, yèn Aku, Allah
sesembahané leluhuré, Allahé Abraham,
Iskak lan Yakub, wis ngrawuhi kowé.
Kandhakna yèn Aku wis ngetingal
marang kowé, sarta wis mirsa apa sing
ditindakaké wong-wong Mesir marang
dhèwèkné.
17 Lan Aku bakal ngluwari bangsa Israèl
saka panindhesé bangsa Mesir. Bangsa
Israèl mau bakal Dakirid menyang tanah
sing gemah ripah loh jinawi; negarané
wong Kenaan, Hèt, Amori, Fèris, Hèwi
lan Yébus.
18 Umat-Ku bakal nggugu karo kowé.
Sabanjuré mangkata bebarengan karo
para pemimpiné Israèl mau sowan Sang
Pringon lan matura, yèn Pangéran,
Allahé wong Ibrani wis ngrawuhi kowé.
Nyuwuna palilah lunga menyang ara-ara
samun sing adohé lakon telung dina,
prelu saos kurban marang Pangéran
Allahmu."
19 Gusti Allah banjur ngandika menèh,
"Aku mirsa, yèn Sang Pringon ora bakal
nglilani kowé lunga, kejaba menawa
dipeksa.
20 Nanging Aku bakal ngetingalaké
pangwasa-Ku. Ing kana Aku bakal

ngukum wong Mesir nganggo
kasangsaran sing nggegirisi. Sabanjuré
kowé kabèh bakal dililani lunga.
21 Wong-wong Mesir bakal Dakgawé
supaya ngurmati kowé kabèh, nganti
samasa kowé padha mangkat iya bakal
padha disangoni.
22 Saben wong wadon Israèl njaluka
dandanan emas lan slaka marang
wong Mesir, tanggané tunggal saomah.
Barang-barang mau enggokna anak-
anaké lanang lan wadon. Srana
mengkono dadi bisa nggawa raja-
branané wong-wong Mesir."
4 1 Musa nuli matur, "Nanging
kadospundi menawi tiyang-tiyang
Israèl mboten pitados dhateng kawula
saha mboten purun mirengaken
tembung kawula? Menapa ingkang
badhé kawula tindakaken, menawi
tiyang-tiyang menika wicanten, bilih
Gusti Allah mboten ngrawuhi kawula?"
2 Gusti Allah banjur ndangu marang
Musa, "Apa sing ana ing tanganmu
kuwi?" "Menika teken," aturé Musa.
3 Gusti Allah nuli ngandika, "Teken
iku uncalna!" Musa banjur nguncalaké

tekené. Teken mau malih dadi ula. Musa
mlayu ngedohi,
4 nanging Gusti Allah ndawuhi, "Buntuté
ula kuwi ranggèhen lan cekelen." Musa
banjur ngranggèh sarta nyekel buntuté
ula mau; ulané malih dadi teken menèh
ana ing tangané Musa.
5 Gusti Allah ngandika menèh, "Kuwi
tindakna, kanggo mbuktèkaké marang
umat Israèl, yèn Aku, Allah sesembahané
leluhuré, Allahé Abraham, Iskak lan
Yakub, wis ngrawuhi kowé."
6 Gusti Allah ngandika menèh
marang Musa, "Tanganmu lebokna
ing klambimu." Musa manut; bareng
tangané didudut dadi budhugen, putih
kaya kapas.
7 Allah nuli ngandika, "Tanganmu
lebokna menèh ing klambimu." Musa
nindakaké mengkono, sarta bareng
didudut tangané wis waras kaya sijiné.
8 Pangandikané Allah, "Yèn wong-wong
ora precaya karo kowé, sarta ora ngandel
karo mujijat kang kapisan, bakal padha
ngandel samasa weruh mujijat kang
kapindho.
9 Yèn pancèn durung gelem precaya
marang kowé, senajan wis nyipati

mujijat rong werna mau, lan ora
padha gelem ngrungokaké tembungmu,
njupuka banyu saka ing Bengawan Nil
sethithik lan esokna ing lemah. Banyu
mau bakal malih dadi getih."
10 Nanging Musa matur, "Adhuh,
Gusti, sampun ta ngutus kawula, awit
kawula mboten saged gineman, rumiyin
mboten lan mangké sesampunipun Gusti
ngandika dhateng kawula, kawula inggih
badhé tetep mboten saged gineman.
Ilat kawula kaken, gineman kawula
plegak-pleguk."
11 Gusti Allah banjur ngandika
mengkéné, "Sapa sing nitahaké ilaté
manungsa? Sapa sing nitahaké wong
bisu lan wong budheg? Sapa sing
nitahaké wong melèk lan wong wuta?
Apa dudu Aku, Allah?
12 Saiki, lungaa, Aku bakal ngerèh
ilatmu sarta ngandhani apa waé sing
kudu kokucapaké."
13 Musa matur, "Gusti, kawula nyuwun,
mugi ngutus tiyang sanès kémawon,
sampun kawula."
14 Gusti Allah banjur ndukani Musa
sarta ngandika, "Kepriyé! Aku mirsa
yèn Harun, sedulurmu, wong Lèwi kuwi,

pinter guneman. Harun bakal teka
nemoni kowé, lan bakal bungah atiné
déné bisa ketemu kowé.
15 Kandhakna apa sing kudu diucapaké.
Aku bakal ngerèh ilatmu lan ilaté
Harun sarta ngandhani apa sing kudu
kokucapaké lan koktindakaké.
16 Harun sing bakal caturan karo umat
minangka wakilmu. Dhèwèkné iku bakal
dadi lésanmu, déné kowé kaya déné
lurahé kang bakal kandha apa sing kudu
diucapaké.
17 Tekenmu gawanen. Srana teken kuwi
kowé bakal gawé pretandha-pretandha
sing nélakaké yèn Aku sing ngutus
kowé."
18 Musa mulih menyang omahé Yitro,
bapakné maratuwa, sarta matur, "Kula
keparenga wangsul dhateng sedhèrèk-
sedhèrèk kula ing Mesir, nuwèni menapa
taksih sami wilujeng." Yitro nglilani sarta
nguntapaké mangkaté Musa.
19 Nalika Musa isih ana ing tanah
Midian, Gusti Allah ngandikani, "Balia
menyang Mesir! Sakèhé wong sing arep
matèni kowé wis ora ana."
20 Bojoné lan anak-anaké
ditunggangaké ing kuldi sarta

bebarengan mangkat menyang Mesir.
Déné Musa dhéwé nggawa teken sing
didhawuhaké déning Allah.
21 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Aku wis paring pangwasa marang kowé
gawé kaélokan-kaélokan. Dadi yèn kowé
wis tekan Mesir, sakèhing kaélokan
mau tindakna ana ing ngarepé Sang
Pringon. Nanging Aku bakal mangkotaké
atiné, mulané bakal ora nglilani lungané
bangsa Israèl.
22 Nuli matura marang Sang Pringon,
yèn Aku, Allah, dhawuh mengkéné,
'Israèl kuwi putra-Ku mbarep;
23 kowé Dakdhawuhi supaya nglilani
putra-Ku lunga, temah bisa ngabekti
marang Aku. Nanging yèn kowé ora
ngolèhaké, Aku bakal matèni anakmu
pembarep!'"
24 Ing sawijining dina, nalika lagi
lelungan menyang Mesir ing dalan, Gusti
Allah rawuh ing kémahé Musa; Musa
arep dipatèni.
25 Zipora banjur njupuk lading watu sing
landhep kanggo netaki anaké, lan ikuté
digepokaké ing sikilé Musa. Pangucapé

Zipora, "Panjenengan menika pengantèn
rah[c] tumrap kula."
26 Kandhané mengkono mau ana
gandhèngé karo sunat. Merga saka kuwi
Gusti Allah ora sida matèni Musa.
27 Dhèk semana Gusti Allah ngandika
marang Harun, "Lungaa menyang
ara-ara samun nemoni Musa." Harun
banjur lunga nemoni seduluré ing
gunung suci. Bareng Harun ketemu karo
Musa banjur nyalami.
28 Musa kandha karo Harun apa
sing didhawuhaké déning Allah,
nalika ndhawuhi bali menyang Mesir,
uga sakèhing kaélokan sing kudu
ditindakaké.
29 Musa lan Harun banjur padha lunga
bebarengan menyang Mesir sarta
nglumpukaké penggedhéné Israèl
kabèh.
30 Harun nyritakaké apa sing wis
didhawuhaké Allah marang Musa kabèh,
sarta Musa nindakaké sakèhing kaélokan
ing ngarepé wong-wong mau.

---

[c]pengantèn rah: prejanjianipun Gusti Allah kaliyan umatipun kaupamèkaken kados déné sesambetanipun mantèn jaler lan èstri. Wonten ing ngriki teteping prejanjian wau srana wutahing rah.

31 Wong-wong banjur padha ngandel.
Bareng krungu yèn Gusti Allah wis
ngrawuhi lan pirsa kasangsarané wong
Israèl, banjur padha sujud nyembah,
marang Allah.
5 1 Musa lan Harun sowan Sang Pringon
sarta matur, "Pangéran, Allahipun
Israèl dhawuh mekaten, ‘Umat-Ku
lilanana lunga, supaya ngabekti marang
Aku ana ing ara-ara samun.’"
2 Sang Pringon ndangu, "Pangéran
Allahmu kuwi sapa? Apa sebabé aku
kudu ngrungokaké Allahmu lan nglilani
bangsa Israèl lunga? Aku ora tepung
karo Allahmu kuwi sarta Israèl ora
daklilani lunga."
3 Musa lan Harun matur, "Pangéran,
Allahipun tiyang Ibrani sampun ndhawuhi
kula, supados panjenengan nglilani
tiyang Ibrani késah dhateng ara-ara
samun, ingkang tebihipun lampahan
tigang dinten, prelu saos kurban dhateng
Pangéran Allah, inggih Allah kula.
Menawi kula sedaya mboten nglampahi,
Pangéran badhé mejahi kula srana
sesakit saha perang."
4 Sang Pringon ngandika marang Musa
lan Harun, "Apa karepmu wong-wong

kuwi kokkon ninggal pegawéané? Batur-
batur kuwi kudu bali nyambut-gawé
menèh!
5 Bangsamu cacahé wis luwih akèh
tinimbang bangsa Mesir. Lan saiki kowé
kabèh arep lèrèn, ora nyambut-gawé!"
6 Ing dina kuwi uga para pengawas
bangsa Mesir sarta para mandhor Israèl
didhawuhi mengkéné,
7 "Bangsa kuwi aja kokwènèhi merang
menèh kanggo gawé bata, karebèn golèk
dhéwé.
8 Wong-wong kuwi konen gawé bata
cacahé padha kaya wingi-wingi, siji waé
ora kena kurang. Dhasar wong kurang
gawéan, mulané tansah golèk alesan
supaya dililani lunga saos kurban marang
Allahé.
9 Mulané pegawéané tambahana sing
luwih abot, aja diwènèhi wektu kanggo
ngaso, supaya ora kober ngrungokaké
crita sing ora-ora."
10 Para pengawas Mesir sarta mandhor-
mandhor Israèl nuli padha budhal lan
kandha karo wong-wong Israèl, "Sang
Prabu dhawuh supaya aku padha ora
mènèhi merang menèh marang kowé.

11 Kowé kabèh kudu golèk dhéwé,
nanging olèhmu gawé bata kudu padha
cacahé karo sing wingi-wingi."
12 Bangsa Israèl banjur lunga ngubengi
tanah Mesir golèk merang.
13 Saben dina wong Israèl mau dipeksa
déning para pengawas supaya gawé
bata cacahé padha kaya nalika diwènèhi
merang.
14 Para pengawas Mesir nuli padha
nggebugi mandhor-mandhor Israèl sing
diwajibaké ngatur gawéané para batur.
Wong Mesir mau padha takon, "Yagéné
wong-wong Israèl ora gawé bata padha
cacahé karo wingi-wingi?"
15 Mandhor-mandhor Israèl banjur
sowan Sang Prabu sarta sesambat,
"Kénging menapa panjenengan matrapi
kula sedaya mekaten?
16 Kula mboten dipun paringi merang,
nanging kedah damel bata. Samenika
kula sami dipun gebagi, mangka
panjenengan ingkang tanggel jawab."
17 Sang Pringon dhawuh, "Kowé padha
kesèd, ora gelem nyambut-gawé. Kuwi
sebabé kowé padha njaluk dililani saos
kurban marang Allahmu.

18 Ayo nyambut-gawé menèh! Kowé
padha ora diwènèhi merang, nanging
kudu bisa gawé bata sing padha cacahé."
19 Mandhor-mandhor padha krasa yèn
wong-wongé padha répot banget, awit
didhawuhi kudu gawé bata cacahé padha
kaya wingi-wingi.
20 Sapungkuré sowan Sang Pringon
wong-wong mau banjur padha nemoni
Musa lan Harun sing pancèn lagi
ngentèni.
21 Tembungé mandhor-mandhor
mau, "Gusti Allah sampun mirsa
pokal panjenengan, mila mesthi
badhé ngukum panjenengan, sebab
panjenengan ingkang dados jalaranipun
kula sami dipun sengiti déning Sang
Pringon tuwin para pengageng.
Panjenengan nyukani dhadhakan
dhateng piyambakipun kanggé mejahi
kula."
22 Musa banjur sowan marang
ngarsané Allah menèh, aturé, "Dhuh
Allah, menapa sebabipun Paduka
ndhatengaken kasangsaran dhateng
bangsa menika? Menapa sebabipun
Paduka ngutus kawula mriki?

23 Wiwit kawula sowan dhateng Sang
Pringon, matur dipun utus déning Allah,
Sang Pringon sampun nyiya-nyiya
bangsa menika; lan Paduka mboten
maringi pitulungan menapa-menapa."

6 1 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa, "Saiki kowé bakal weruh
apa sing bakal Daktindakaké marang
Sang Pringon. Dhèwèké bakal Dakpeksa
nglilani umat-Ku budhal. Sejatiné,
dhèwèké bakal Dakpeksa énggal-énggal
nglungakaké umat-Ku saka negara iki."
2 Gusti Allah ngandika marang Musa,
pangandikané, "Aku iki Allah,
3 kang ngetingal marang Abraham,
Iskak lan Yakub, Allah Kang Mahakwasa,
nanging Aku durung nyumurupaké yèn
asma-Ku Allah, kang suci.
4 Karo déné Aku iya wis janji karo
leluhurmu, yèn arep maringaké negara
Kenaan, sing biyèn padha dienggoni
nalika dadi wong neneka.
5 Pesambaté wong Israèl sing dianggep
budhak déning bangsa Mesir, wis
Dakrungu, sarta Aku kèngetan marang
janji-Ku.
6 Mula kandhakna marang bangsa
Israèl, yèn Aku ngandika marang

dhèwèké, ‘Aku iki Allah; Aku bakal
nulungi kowé kabèh sarta ngluwari kowé
saka panindhesé bangsa Mesir. Aku bakal
ngagem pangwasa-Ku kanggo ngukum
bangsa Mesir klawan paukuman sing
abot; déné kowé bakal Dakslametaké
kabèh.
7 Kowé kabèh bakal Dakdadèkaké
umat-Ku sarta Aku bakal dadi Allahmu,
sing ngluwari saka panindhesé wong
Mesir.
8 Kowé bakal Dakirid kabèh menyang
ing tanah sing Dakjanjèkaké nganggo
sumpah marang Abraham, Iskak lan
Yakub. Tanah mau bakal Dakparingaké
dadi duwèkmu dhéwé, Aku iki Allah.’"
9 Sakèhé pangandikané Allah kuwi
diterusaké Musa marang bangsa Israèl,
nanging wong-wong mau padha ora
gelem ngrungokaké, merga atiné
semplah, awit saka panindhes sing abot
banget.
10 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa,
11 "Sowana Sang Pringon lan matura,
supaya nglilani bangsa Israèl lunga saka
negarané."

12 Nanging Musa matur, "Tiyang Israèl
kémawon mboten purun mirengaken
kawula, menapa malih Sang Pringon.
Kawula mboten saged cantenan."
13 Gusti Allah nuli dhawuh marang Musa
lan Harun, "Kandhakna marang bangsa
Israèl lan marang Sang Pringon, yèn
Aku wis ndhawuhaké kowé ngirid bangsa
Israèl metu saka ing tanah Mesir."
14 Rubèn, pembarepé Yakub, duwé anak
lanang cacahé papat, yakuwi: Hénokh,
Palu, Hésron lan Karmi. Iya wong-wong
iki leluhuré taler Rubèn.
15 Siméon duwé anak lanang nem,
yakuwi: Yemuèl, Yamin, Ohad, Yakhin,
Zohar lan Saul, ibuné wong wadon
Kenaan. Yakuwi leluhuré taler Siméon;
kulawarga iki diarani manut jenengé.
16 Lèwi duwé anak lanang telu, yakuwi:
Gèrson, Kéhat lan Mérari; wong-wong
iki leluhuré turun-Lèwi; kulawarga iki iya
diarani manut jenengé. Lèwi umuré 137
taun.
17 Gèrson duwé anak lanang loro,
yakuwi: Libni lan Simèi; wong-wong
kuwi turuné akèh.

18 Kéhat duwé anak lanang papat,
yakuwi: Amram, Yizhar, Hébron lan
Uzièl. Umuré Kéhat nganti 133 taun.
19 Mérari duwé anak lanang loro,
yakuwi: Mahli lan Musi. Iki taler Lèwi
miturut sejarahé dhéwé-dhéwé.
20 Amram omah-omah karo Yokebèd,
adhiné wadon bapakné, déné anaké
yakuwi: Harun lan Musa. Uripé nganti
137 taun.
21 Yizhar duwé anak lanang telu,
yakuwi: Korah, Nèfèg lan Zikri.
22 Uzièl iya duwé anak lanang telu,
yaiku: Misaèl, Èlsafan lan Sitri.
23 Harun nikah karo Èlizéba, anaké
wadon Aminadab; iya seduluré wadon
Nahason; duwé anak Nadab, Abihu,
Èléazar lan Itamar.
24 Korah duwé anak lanang telu,
yakuwi: Asir, Èlkana lan Abiasaf. Iku
padha dadi leluhuré turun-Korah.
25 Èléazar anaké lanang Harun, nikah
karo putrané Putièl, duwé anak Pinéhas.
Yaiki sarasilahé kulawarga Lèwi sarta
miturut gotrahé.
26 Iya Harun lan Musa iki sing didhawuhi
Gusti Allah ngirid wong-wong Israèl
metu saka ing tanah Mesir.

27 Wong loro kuwi sing ngaturi Sang
Pringon supaya mbébasaké wong Israèl.
28 Gusti Allah ngandika marang Musa
ing tanah Mesir,
29 dhawuhé, "Aku iki Pangéran Allah.
Apa waé sing wis Dakdhawuhaké marang
kowé, aturna marang Sang Pringon."
30 Nanging Musa matur, "Gusti,
Panjenengan mirsa bilih kawula mboten
pinter gineman; kadospundi sagedipun
Sang Pringon mirengaken atur kawula?"
7 1 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Aku bakal ndadèkaké kowé kaya
déné Allah ing ngareping Sang Pringon,
lan sedulurmu Harun bakal guneman
minangka nabimu.
2 Sarupaning dhawuh-Ku kandhakna
marang Harun. Harun préntahen supaya
matur marang Sang Pringon, karebèn
nglilani wong Israèl lunga saka tanah
Mesir.
3 Nanging Aku bakal mangkotaké atiné
Sang Pringon, temah dhèwèkné bakal
ora ngrungokaké aturmu, senajan Aku
nganti nekakaké kasangsaran gedhé.
4 Mulané Mesir bakal Dakukum nganggo
wewelak-wewelak sing abot, banjur

Israèl kabèh, umat-Ku, bakal Dakirid
metu saka ing negara kono.
5 Wong Mesir bakal weruh, yèn Aku iki
Allah, samasa Aku ngukum dhèwèkné
sarta ngirid bangsa Israèl metu saka ing
negarané."
6 Musa lan Harun nindakaké sadhawuhé
Gusti Allah.
7 Nalika padha sowan Sang Pringon
mau, umuré Musa 80 taun lan Harun 83
taun.
8 Gusti Allah ngandika marang Musa lan
Harun,
9 "Menawa Sang Pringon njaluk supaya
kowé gawé kaélokan minangka bukti,
Harun konen njupuk tekené sarta
nguncalna ing ngareping sang Pringon.
Teken mau bakal malih dadi ula."
10 Musa lan Harun banjur sowan
Sang Pringon sarta nindakaké apa
sing didhawuhaké Gusti Allah. Harun
nguncalaké tekené ana ing ngarsané
Sang Pringon lan para penggedhé, teken
mau nuli malih dadi ula.
11 Sang Pringon banjur nimbali wong-
wong sing pinter lan para ahli sihir;
wong-wong mau banjur nindakaké
mengkono uga srana japa-mantrané.

12 Wong-wong kuwi padha nguncalaké
tekené ing lemah lan teken-teken mau
iya malih dadi ula, nanging teken-teken
mau banjur diuntal déning tekené Harun.
13 Senajan mengkono Sang Pringon
tetep mangkotaké galihé lan ora kersa
mirengaké aturé Musa lan Harun, cocog
karo sing dingandikakaké Allah.
14 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Sang Pringon kuwi wangkot atiné; ora
gelem nglilani lunga bangsa Israèl.
15 Mulané sowana ing wayah ésuk,
samasa raja mau ana ing Bengawan Nil.
Teken sing malih dadi ula mau gawanen
sarta nunggonana ing pinggir kali.
16 Matura marang raja mau, ‘Pangéran
Allahipun tiyang Ibrani, ngutus kula
supados matur dhateng panjenengan
kersaa nglilani umat Israèl késah
ngabekti dhateng Pangéran wonten
ing ara-ara samun. Ngantos dumugi
samangké panjenengan mboten kersa
miyarsakaken.
17 Samangké Pangéran Allah ingkang
Mahamulya ngandika, bilih panjenengan
badhé pirsa sinten Gusti Allah menika,
srana lelampahan ingkang badhé
katindakaken. Panjenengan pirsani,

teken menika badhé kula sabetaken ing
toyaning Bengawan Nil, sakala toyanipun
badhé malih dados rah.
18 Ulam-ulam badhé pejah, saha kali
menika ambetipun badhé bacin, ngantos
bangsa Mesir mboten badhé saged
ngombé toyaning kali.’"
19 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Harun konen njupuk tekené sarta konen
ngacungaké ing banyuning kali, ing
kalèn-kalèn lan ing blumbang-blumbang
ing Mesir. Banyuné bakal malih dadi
getih, lan ing sanegara Mesir kabèh ing
tong-tong kayu lan ing pengaron watu
sakèhé banyu bakal malih dadi getih."
20 Musa lan Harun ngèstokaké
sadhawuhé Allah. Ing ngarepé Sang
Pringon lan para penggedhé, Harun
ngacungaké tekené nuli disabetaké ing
banyuné Bengawan Nil. Banyu sing ana
kali kabèh banjur malih dadi getih.
21 Iwak-iwak ing njero kali kono padha
mati, lan ambuné kali dadi bacin banget;
srana mengkono wong Mesir ora bisa
ngombé banyuné kali mau. Satanah
Mesir kabèh kebak getih.
22 Nanging para ahli sihir nindakaké
mengkono uga srana japa-mantrané,

temahan Sang Pringon tetep mangkotaké
galihé. Panjenengané ora miyarsakaké
aturé Musa lan Harun, kaya sing wis
dingandikakaké déning Allah.
23 Sang Pringon banjur minger kondur
menyang kedhaton lan ora maèlu
marang prekara mau.
24 Sarèhné banyu kali ora kena diombé,
mulané wong Mesir kabèh padha
ndhudhuk lemah sakiwa-tengené kali
golèk banyu kanggo ngombé.
25 Kang mengkono mau nganti pitung
dina suwéné, sawisé Gusti Allah
ndhawahi wewelak marang Bengawan
Nil.
8 1 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa, "Sowana Sang Pringon
menèh sarta aturna yèn Allah ngandika
mengkéné, ‵umat-Ku lilanana budhal
ngabekti marang Aku.
2 Yèn ora koklilani lunga, negara iki
bakal Dakdhawahi wewelak kodhok,
minangka paukuman.
3 Bengawan Nil bakal kebak kodhok;
kéwan-kéwan mau bakal mentas
saka ing banyu, banjur mlebu ing
kedhatonmu, ing kamar-kamar lan
peturon; omah-omahé para penggedhé

lan rakyatmu, mengkono uga ing pawon
lan ing panci-panci.
4 Kodhok-kodhok mau bakal nyoloti
awakmu, awaké rakyatmu sarta awaké
menterimu kabèh.’"
5 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Harun konen ngacungaké tekené ing
sandhuwuring kali-kali, kalèn-kalèn
sarta blumbang-blumbang karebèn
kodhok-kodhok padha teka lan ngebaki
tanah Mesir."
6 Harun nuli ngacungaké tekené ing
sandhuwuring banyu kabèh; kodhok-
kodhok banjur padha teka ngebaki tanah
Mesir.
7 Para tukang sihir srana japa-mantrané
iya bisa metokaké kodhok-kodhok
mratani tanah Mesir.
8 Sang Pringon banjur nimbali Musa lan
Harun, dhawuhé, "Nyenyuwuna marang
Allah supaya Panjenengané ngilangi
kodhok-kodhok iki; aku bakal nglilani
bangsamu lunga saos kurban marang
Allah!"
9 Musa matur, "Kanthi bingahing
manah kula badhé ndedonga kagem
Sang Prabu, para pengageng saha
rakyat panjenengan. Kodhok-kodhok

menika nunten badhé katumpes, kejawi
ingkang wonten ing Bengawan Nil. Sang
Prabu kula aturi netepaken wekdalipun
mbénjing menapa enggèn kula kedah
ndongakaken panjenengan."
10 Dhawuhé raja ing Mesir, "Ndedongaa
sésuk!" Aturé Musa, "Kula badhé
ngèstokaken, Sang Prabu badhé mirsa,
bilih mboten wonten Allah sanèsipun.
Kejawi Pangéran, Allah kula.
11 Sang Prabu, para pengageng sarta
rakyat badhé luwar saking gangguaning
kodhok-kodhok menika. Kodhok-kodhok
badhé ical sedaya kejawi ingkang wonten
ing Bengawan Nil."
12 Musa lan Harun banjur mundur, sarta
ndedonga marang Allah nyuwun ilangé
kodhok-kodhok mau.
13 Gusti Allah nyembadani panyuwuné
Musa, mula kodhok-kodhok ing omah-
omah, ing pekarangan lan ing pategalan
padha mati kabèh.
14 Bathangé banjur diklumpukaké
nganti ngundhung-undhung, temah
sanegara Mesir kabèh ambuné bacin.
15 Nalika kodhok-kodhok mau wis
padha mati, raja ing Mesir tetep
mangkotaké galihé. Lan, kaya sing

dingandikakaké déning Gusti Allah, tetep
ora miyarsakaké aturé Musa lan Harun.
16 Gusti Allah nuli ngandika marang
Musa, "Harun konen nyabetaké tekenmu
ing lebuné bumi, supaya lebu mau dadi
lemud ngebaki tanah Mesir kabèh!"
17 Musa lan Harun banjur padha
ngèstokaké sadhawuhé Allah. Déné
Harun ngacungaké tekené, nuli
nyabetaké teken mau ing lebuné bumi.
Lebu mau dadi lemud lan padha ngroyok
manungsa lan kéwan.
18 Para ahli sihir padha nandhingi;
padha kepéngin metokaké lemud,
nanging ora bisa. Para manungsa lan
kéwan tetep dikroyok ing lemud.
19 Para ahli sihir banjur padha
matur marang Sang Pringon, "Menika
pretandha saking Allah piyambak."
Éwadéné Sang Pringon tetep ora kersa
miyarsakaké aturé Musa lan Harun,
padha karo sing wis dingandikakaké
déning Gusti Allah.
20 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Sésuk lungaa sing ésuk nemonana Sang
Pringon ana ing kali. Aturna pangandika
iki, 'Umat-Ku lilanana ngabekti marang
Aku.

21 Yèn kowé ora nglilani, Aku bakal
nekakaké laler ngebyuki kowé, para
penggedhé sarta rakyatmu. Omahé
wong Mesir bakal padha kebak laler.
22 Nanging Aku bakal mbédakaké
wilayah Gosèn, panggonané umat-Ku.
Ing kana bakal ora ana laler, supaya
kowé kabèh padha ngerti yèn Aku, Allah,
kang lagi tumindak ing negara kéné.
23 Aku bakal mbédakaké umat-Ku karo
rakyatmu.’"
24 Gusti Allah nekakaké laler akèh
banget ing kraton lan ing omahé para
abdiné Sang Pringon. Sanegara Mesir
kabèh nandhang sangsara banget merga
saka laler-laler mau.
25 Sang Pringon banjur nimbali Musa
lan Harun sarta dhawuh, "Saosa kurban
marang Allahmu ana ing negara kéné
waé."
26 "Menika mboten saged kula
tindakaken," atur wangsulané Musa,
"Sebab tiyang-tiyang Mesir badhé serik
manahipun, mergi saking kéwan ingkang
kula saosaken dhateng Allah kula.
Menawi kula nyembelèh kéwan sarta
kula damel kurban ing panggènanipun
tiyang Mesir ngriki, mangka tiyang

menika sami sengit dhateng kula, temtu
badhé mbenturi séla dhateng kula
sabangsa, ngantos pejah.
27 Kula kedah késah dhateng ara-ara
samun ingkang tebihipun lampahan
tigang dinten prelu saos kurban dhateng
Allah kula, kados ingkang sampun dipun
dhawuhaken dhateng kula."
28 Sang Pringon nuli dhawuh, "Aku
nglilani kowé kabèh lunga saos kurban
marang Pangéran, Allahmu, angger aja
adoh-adoh. Aku ya dongakna!"
29 Aturé Musa, "Sapengker kula saking
ngriki, kula badhé ndedonga dhateng
Gusti Allah, supados mbénjing-énjing
laler-laler menika ical, mboten ngganggu
Sang Prabu, para pengageng sarta
rakyat ing Mesir. Nanging Sang Prabu
sampun ngantos mblénjani malih
sarta sampun ngantos ngalang-alangi
enggènipun bangsa Israèl saos kurban
dhateng Gusti Allah."
30 Musa mundur, banjur ndedonga
marang Allah,
31 lan Allah nyembadani panyuwuné
Musa. Laler-laler mau sumingkir. Ora
ana laler siji-sijia sing kèri.

32 Nanging raja Mesir tetep mangkotaké
atiné lan ora nglilani bangsa Israèl lunga.

9

1 Gusti Allah ngandika marang
Musa, "Sowana marang Sang Prabu,
matura yèn Allahé wong Ibrani ngandika
mengkéné, ‘Umat-Ku luwarana, supaya
bisa ngabekti marang Aku.
2 Yèn kowé meksa ora nglilani, lan arep
terus kokkukuhi,
3 kowé bakal Dakukum nganggo
pageblug ing antarané kéwan-kéwanmu
kabèh — jaran, kuldi, unta, sapi, wedhus
gèmbèl, sarta wedhusmu liyané kabèh.
4 Aku bakal mbédakaké antarané
kéwané wong Israèl lan kéwané wong
Mesir. Kéwané wong Israèl ora ana siji
waé sing bakal mati.
5 Aku, Allah, netepaké, ing dina sésuk
olèh-Ku arep nindakaké prekara iki!’"
6 Ésuké Gusti Allah nindakaké prekara
mau. Kéwané bangsa Mesir padha mati
kabèh, nanging kéwané bangsa Israèl
ora ana sing mati siji-sijia.
7 Nalika raja ndangu, wong-wong
banjur matur, yèn kéwané wong Israèl
ora ana siji-sijia sing mati. Éwasemono
raja Mesir tetep mangkotaké galihé lan
ora nglilani bangsa Israèl lunga.

8 Gusti Allah ngandika marang Musa lan Harun, "Njupuka awuné pawon sawetara gegem. Ing ngarepé raja, awu mau sawurna.

9 Awu mau dadi lembut lan bakal sumebar rata satanah Mesir. Ing endi-endi banjur bakal ana memala wudun ing awaké manungsa lan kéwan, wusanané mecah dadi korèng."

10 Musa lan Harun banjur njupuk awu sethithik nuli sowan Sang Prabu. Musa nyawuraké awuné mendhuwur. Banjur ana memala wudun ing awaké manungsa lan kéwan sing sabanjuré dadi korèng.

11 Para ahli sihir ora bisa nemoni Musa, merga awaké sekojur wudunen kaya wong Mesir liyané.

12 Nanging Gusti Allah mangkotaké atiné raja Mesir, kaya sing wis dingandikakaké, merga ora mirengaké aturé Musa lan Harun.

13 Gusti Allah ngandika marang Musa, "Sésuk-ésuk lungaa sowan marang Sang Prabu lan matura yèn Pangéran Allahé wong Ibrani ngandika mengkéné, ‘Kowé nglilanana umat-Ku supaya bisa ngibadah marang Aku.

14 Sepisan iki ora mung para penggedhé
lan rakyatmu sing Dakukum, nanging
uga kowé dhéwé, supaya kowé padha
ngerti yèn Aku iki ing salumahing bumi
ora ana sing madhani.
15 Menawa Aku kersa ngagem
pangwasa-Ku kanggo ngukum kowé lan
rakyatmu mesthi kowé wis Dakgebag
klawan pageblug lan kowé kabèh mesthi
bakal padha tumpes.
16 Nanging Aku isih ngéman marang
uripmu, supaya kowé weruh pangwasa-
Ku lan supaya asma-Ku kaluhuraké ana
ing salumahing bumi.
17 Nanging kowé isih tetep ngalang-
alangi lan ora gelem nglilani umat-Ku
lunga.
18 Sésuk Aku bakal nekakaké udan
ès sing deres banget, sing durung tau
kelakon ing tanah Mesir.
19 Saiki préntahna supaya raja-kaya
lan sakabèhing barang-darbèkmu
diprenahaké ing panggonan sing becik.
Para manungsa lan kéwan sing ana ing
njaba tanpa éyub-éyub, samasa ketiban
ès bakal padha mati!'"
20 Sawetara penggedhé padha wedi
marang pangandikané Allah. Para batur

lan raja-kayané banjur padha digawa
mlebu ngomah supaya slamet.
21 Nanging para penggedhé liyané ora
maèlu marang pangandikané Allah mau;
batur-batur sarta raja-kayané ditinggal
ing njaba tanpa éyub-éyub.
22 Gusti Allah nuli ngandika marang
Musa, "Tanganmu acungna ing langit,
banjur bakal ana udan ès ing satanah
Mesir kabèh. Manungsa, kéwan lan
tanduran ing tegal bakal padha
kodanan."
23 Musa banjur ngacungaké tekené ing
langit. Gusti Allah banjur ndhatengaké
gludhug, udan ès sarta bledhèg
nyamber-nyamber.
24 Udané ès, dibarengi bledhèg apa
déné lésus sing nggegirisi banget;
kaanan sing mengkono mau durung tau
kelakon ing tanah Mesir.
25 Udan ès mau wrata sanegara kabèh
lan nyirnakaké apa waé sing ana ing
njaba, iya manungsa iya kéwan. Lésusé
ngrusak sakèhing tanduran ing tegalan
sarta ngrubuhaké sakèhing wit-witan.
26 Mung tanah Gosèn, panggonané
wong Israèl, ora ana udan ès.

27 Raja Mesir banjur nimbali Musa lan
Harun, dhawuhé, "Sepisan iki aku ngaku
kedosan marang Allah. Allah sing bener,
déné aku lan rakyatku sing salah.
28 Ndedongaa marang Allah, merga aku
kabèh wis padha sangsara merga udan
ès iki. Aku janji nglilani kowé padha
lunga, aja padha manggon ing kéné
menèh."
29 Aturé Musa marang Sang Prabu,
"Menawi kula sampun dumugi ing njawi
kitha, kula badhé ndedonga dhateng
Gusti Allah. Gludhugipun nunten badhé
kèndel, déné jawahipun badhé terang
lan panjenengan badhé sami mirsa, bilih
bumi menika kagunganipun Gusti Allah.
30 Nanging kula sumerep bilih Sang
Prabu saha para pengageng dèrèng sami
ajrih dhateng Gusti Allah."
31 Tanduran rami lan jewawut padha
rusak, mangka jewawuté wis wayahé
ngundhuh; déné raminé lagi semi.
32 Mung tanduran gandum sing ora
rusak, merga durung mangsané.
33 Musa banjur mundur lan tindak
menyang njaban kutha, sarta ngangkat
astané ndedonga marang Gusti Allah.

Sanalika gludhugé lan udané ès sirep,
sarta udané banjur terang.
34 Bareng Sang Pringon pirsa kaanan
mau banjur mbacutaké enggoné gawé
dosa. Raja lan para penggedhé tetep
mangkotaké penggalihé kaya adaté.
35 Sang Pringon ora nglilani wong Israèl
budhal, kaya sing dingandikakaké déning
Gusti Allah marang Musa.

10 1 Gusti Allah dhawuh marang
Musa, "Mangkata sowan Sang
Pringon. Raja mau lan para penggedhéné
wis Dakdadèkaké wangkot atiné, supaya
Aku bisa gawé kaélokan-kaélokan ing
satengahé wong-wong mau,
2 sarta kowé bakal bisa crita marang
anak putumu, kepriyé pendamel-Ku
marang bangsa Mesir lan bab sakèhé
kaélokan kang kelakon ana ing kono,
supaya kowé padha weruh yèn Aku iki
Allah."
3 Musa lan Harun banjur sowan Sang
Pringon sarta matur, "Gusti Allah, inggih
Allahipun bangsa Ibrani, ngandika
mekaten, ‘Nganti kapan enggonmu
mbangkang marang Aku? Umat-Ku
lilanana lunga, supaya bisa ngibadah
marang Aku.

4 Menawa kowé isih tetep ora nglilani,
sésuk Aku bakal nekakaké walang ing
negaramu.
5 Bakal ana walang akèh banget nutupi
lemahé bumi, nganti ora katon lemahé.
Walang-walang mau bakal mangan apa
waé sing durung sirna déning udan ès,
malah wit-witan sing isih urip iya bakal
dipangan nganti ludhes.
6 Walang kuwi bakal nutupi kratonmu,
omahé para penggedhé lan rakyat.
Kasangsaran iki luwih nggegirisi yèn
ditandhing karo sing dialami leluhurmu.’"
Musa banjur mundur saka ing ngarsané
Sang Pringon.
7 Para penggedhé banjur padha
matur marang Sang Pringon, "Ngantos
mbénjing menapa tiyang menika kedah
damel sangsara kita? Tiyang-tiyang
Israèl menika mugi panjenengan
lilani késah kémawon, supados saged
ngibadah dhateng Allahipun. Menapa
Sang Prabu mboten pirsa, bilih negari
Mesir sampun risak?"
8 Musa lan Harun banjur ditimbali
menèh déning Sang Prabu sarta
kadangu, "Kowé kabèh padha kena

ngibadah marang Allahmu, nanging
sejatiné sapa sing arep lunga?"
9 Aturé Musa, "Kula sedaya, mekaten
ugi laré-laré saha tiyang-tiyang ingkang
sampun sepuh. Kula sami badhé mbekta
laré-laré kula, ménda gèmbèl, ménda
bérok saha lembu kula sedaya, sebab
kula sami badhé ngawontenaken riaya
kanggé ngurmati Gusti Allah."
10 Dhawuhé raja, "Aku sumpah demi
Allah, yèn aku ora bakal nglilani kowé
padha nggawa bojomu lan anak-
anakmu! Wis cetha yèn kowé arep padha
nganakaké komplotan arep mbrontak.
11 Ora! Kowé kena lunga, nanging
ngamungna wong-wong lanang waé
sing ngibadah marang Allah!" Kanthi
tetembungan mau Musa lan Harun
ditundhung saka kedhaton.
12 Gusti Allah banjur ngandika
marang Musa, "Tekenmu athungna ing
sandhuwuring tanah Mesir. Walang-
walang bakal padha teka lan mangan
sakèhing tanduran sing durung sirna
merga udan ès."
13 Musa banjur ngathungaké tekené lan
Allah ndhatengaké angin saka Wétan,
midid sedina muput sarta sewengi natas.

Bareng wayah ésuk angin mau wis
nggawa walang.
14 Walang-walangé padha neba, cacahé
akèh banget nganti satanah Mesir kebak
walang kabèh. Wong-wong durung tau
lan ora bakal meruhi menèh walang sing
semono akèhé.
15 Walang-walang mau ngebaki satanah
Mesir kabèh, nganti katon ireng, sarta
padha mangan apa waé sing durung
musna sawisé udan ès, mengkono uga
woh-wohan. Wit-witan sarta tanduran
ing tanah Mesir babar-pisan wis ora ana
sing ijo rupané.
16 Sang Prabu banjur énggal-énggal
nimbali Musa lan Harun sarta dhawuh,
"Aku wis gawé dosa marang Allahmu
sarta marang kowé kabèh.
17 Sepisan iki apuranen dosaku sarta
ndedongaa marang Allahmu, supaya
kersa nyingkiraké bebaya pati iki saka
aku."
18 Musa banjur mundur lan ndedonga
marang Allah.
19 Gusti Allah banjur ngingeraké enering
angin, diwalik dadi angin saka Kulon sing
banter banget. Walang-walang padha
katut ing angin menyang ing Teluk Suèz.

Satanah Mesir ora ana walang siji waé
sing kèri.
20 Nanging raja Mesir tetep mangkotaké
penggalihé lan ora nglilani wong Israèl
lunga.
21 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Tanganmu athungna ing langit, tanah
Mesir banjur bakal peteng ndhedhet."
22 Musa ngathungaké astané, lan
sajroné telung dina Mesir peteng
ndhedhet.
23 Sajroné telung dina mau wong Mesir
ora weruh apa-apa sarta ora ana siji waé
sing metu saka ing omahé. Éwasemono
ing panggonané wong Israèl tetep
padhang.
24 Raja Mesir nimbali Musa lan dhawuh,
"Kowé padha kena lunga ngibadah
marang Allah. Para wong wadon lan
bocah-bocah kena mèlu; nanging
wedhus gèmbèl, wedhus bérok lan
sapimu kudu ditinggal ing kéné."
25 Musa matur, "Menawi mekaten Sang
Prabu kedah maringi kéwan kanggé
sesaosan saha kurban obongan kagem
Allah kula.
26 Mboten! Kula badhé sami mbekta
kéwan kula sedaya; mboten wonten

ingkang badhé kula tilar. Kula piyambak
ingkang badhé milih kéwan ingkang
badhé kaaturaken dhateng Allah.
Sadèrèngipun dumugi ing ngrika, kula
mboten sumerep kéwan ingkang pundi
ingkang badhé kula aturaken dhateng
Gusti Allah."
27 Gusti Allah mangkotaké penggalihé
raja Mesir, mula ora nglilani bangsa
Israèl lunga.
28 Dhawuhé raja marang Musa, "Lungaa
saka ngarepku. Aja nganti aku weruh
kowé menèh! Yèn nganti ketemu kowé
menèh, kowé bakal mati!"
29 Aturé Musa, "Saèstu badhé
kelampahan kados ingkang sampun
panjenengan ngandikakaken. Sang
Prabu mboten badhé pirsa kula malih."
11 1 Gusti Allah ngandika marang
Musa, "Aku bakal nekakaké
paukuman sepisan engkas marang raja
Mesir sarta marang rakyaté. Sawisé
mengkono, mesthi raja mau bakal
nglilani kowé kabèh padha lunga; malah
arep padha nundhung kowé kabèh saka
kéné.

2 Merga saka kuwi kandhaa karo bangsa
Israèl; préntahna njaluk emas-emasan
lan slaka marang tanggané."
3 Gusti Allah ndadèkaké wong Mesir
ngajèni marang bangsa Israèl. Malah
Musa dadi wong gedhé ana ing ngarepé
para penggedhé sarta rakyat ing Mesir
kabèh.
4 Musa matur marang raja ing Mesir,
"Gusti Allah ngandika mekaten, ‘Kira-kira
tengah wengi Aku bakal ndlajah tanah
Mesir,
5 lan saben anak mbarep ing Mesir
bakal mati, wiwit pembarepé raja Mesir
nganti anak lanang pembarepé batur
wadon sing nggiling gandum. Mengkono
uga sing lair kawitan saka raja-kayané
iya bakal mati.
6 Ing satanah Mesir kabèh bakal ana
tangisan sing nrenyuhaké, sing durung
tau kelakon sarta ora bakal kelakon
menèh.
7 Déné wong Israèl lan raja-kayané ora
bakal diganggu. Sebanjuré kowé bakal
ngerti, yèn Aku, Allah, mbédakaké wong
Mesir lan wong Israèl!’"
8 Wusanané Musa matur, "Para
pengagengipun Sang Prabu badhé sami

dhateng saha sujud ing ngajeng kula
sarta kula badhé kapurih késah mbekta
bangsa kula sedaya. Sesampunipun
menika kula badhé bidhal." Musa banjur
mundur saka ngarsané Sang Prabu karo
duka banget.
9 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Raja Mesir ora bakal ngrungokaké
aturmu, preluné supaya Aku bisa damel
kaélokan luwih akèh menèh ing tanah
Mesir."
10 Wis akèh Musa sarta Harun
enggoné nindakaké kaélokan ana ing
ngarsané raja Mesir, nanging Gusti
Allah mangkotaké penggalihé raja mau,
temah ora nglilani wong Israèl lunga
saka negarané.

12 1 Gusti Allah ngandika marang
Musa lan Harun ing tanah Mesir.
Pangandikané,
2 "Sasi iki bakal dadi sasi wiwitaning
taunmu.
3 Bab iki préntahna marang umat Israèl
kabèh, yakuwi: Ing tanggal sepuluh sasi
iki saben wong lanang kudu nyepakaké
wedhusé gèmbèl siji utawa cempé
wedhus bérok siji kanggo brayaté.

4 Yèn brayat kuwi cacahé wongé
kesethithiken kanggo ngentèkaké
wedhus gèmbèl siji utawa cempéné
wedhus bérok, brayat mau nglumpuka
karo tanggané sing cedhak sarta
mangana wedhusé bebarengan, nganti
bisa ngentèkaké daging sing kena
dipangan.
5 Kowé kabèh padha kena milih
antarané wedhus gèmbèl apa wedhus
bérok, anggeré lanang, umuré setaun
sarta tanpa cacad.
6 Sebanjuré ing tanggal patbelas,
benginé, umat Israèl kabèh kudu
nyembelèh kéwan-kéwan mau.
7 Getihé kéwan kuwi kudu dijupuk
sethithik, diosèraké ing pipining lawang
kiwa-tengen sarta ing ndhuwuré omah
sing dienggo mangan cempé mau.
8 Ing benginé dagingé kéwan mau kudu
dipanggang lan dipangan karo jangan
pait sarta roti tanpa ragi.
9 Kéwan mau kabèh kudu dipanggang,
saendhasé, sikilé sarta jeroané. Daging
sing wis dipanggang mau panganen,
aja ana sing dipangan mentahan utawa
digodhog.

10 Dagingé sethithik waé ora kena
diengèh nganti ésuk. Yèn ana turahané
kudu diobong nganti entèk.
11 Enggonmu mangan kudu karo
rerikatan, lambungmu sabukana, sikilmu
nganggoa trumpah lan tanganmu
nyekela teken. Yaiki sing jenengé Riaya
Paskah kanggo ngurmati Aku, Allahmu.
12 Ing bengi kuwi Aku bakal tindak
ndlajahi tanah Mesir, lan matèni saben
anak lanang mbarep, iya anaking
manungsa, iya anaking kéwan. Aku
bakal ngukum sarupaning déwa-déwa
ing tanah Mesir, Aku iki Allah.
13 Getih ing pipi lawanging omahmu
kuwi kanggo tandha yèn kuwi omah-
omah panggonanmu. Yèn Aku mirsa
getih mau, omah iku bakal Daklangkungi,
temah kowé ora Daktumpes ing sajroné
Aku ngukum tanah Mesir.
14 Ing dina kuwi kowé kabèh kudu
gawé riaya kagem Allah, minangka
pengéling-élingmu marang apa sing wis
Daktindakaké. Dina kuwi dadia dina
riaya ing selawas-lawasé."
15 Gusti Allah ngandika, "Sajroné pitung
dina kowé kabèh ora kena mangan roti
nganggo ragi. Ing dina kapisan aja ana

ragi ing omahmu, sebab yèn sajroné
pitung dina mau ana wong sing mangan
roti nganggo ragi, wong mau ora kena
dadi umat-Ku menèh.
16 Ing dina kapisan sarta dina kapitu
kowé kabèh kudu ngumpul ngibadah.
Ing dina kuwi ora kena ana sing
nyambut-gawé, kejaba nyedhiakaké
pangan.
17 Dina gedhé iki kudu kokpèngeti,
merga iya ing dina iki Aku ngentasaké
bangsamu metu saka ing tanah Mesir.
Mulané sebanjuré turun-temurun dina iki
tetep pèngetana, dadèkna dina gedhé.
18 Ing sasi kapisan, wiwit tanggal
patbelas soré nganti tanggal selikur
soré, kowé kabèh ora kena mangan roti
sing ana raginé.
19 Sajroné pitung dina mau aja nyimpen
ragi ing omahmu. Yèn ana wong Israèl
utawa wong manca sing mangan roti
nganggo ragi, wong kuwi kudu dianggep
dudu umat-Ku."
20 (12:19)
21 Musa ngumpulaké sakèhing tuwa-
tuwané Israèl, banjur dhawuh marang
wong-wong mau, "Lungaa, golèka
cempé wedhus gèmbèl utawa cempéning

wedhus bérok lan sembelèhen, supaya
brayatmu mèngeti Riaya Paskah.
22 Njupuka suket isop[d] satekem, banjur
celupna ing bokor sing isi getihing kéwan
mau sarta osèr-osèrna ing pipining
lawang lan ing ndhuwuré. Sapa waé ora
kena metu saka omah nganti ésuk.
23 Samasa Gusti Allah tindak ndlajahi
negara iki ndawahaké wewelak marang
wong Mesir, Panjenengané bakal mirsa
getih ing ndhuwur sarta ing pipining
lawang, temah bakal ora nglilani
Malaékat sing nekakaké wewelak mlebu
ing omahmu.
24 Mulané kowé lan anak-putumu
kudu padha nindakaké prenatan iki ing
selawas-lawasé.
25 Yèn kowé kabèh wis padha mlebu ing
negara sing diparingaké Allah kaya sing
dijanjèkaké, padha netepana upacara
kuwi.
26 Déné yèn anak-anakmu padha takon,
apa karepé upacara mau,
27 kowé kudu mangsuli, ‘Yaiki kurban
Riaya Paskah kanggo ngurmati Gusti
Allah, sebab omahé wong-wong Israèl

[d]isop: bangsanipun glagah wangi kanggé upacara sesuci.

dilangkungi, nalika Allah mejahi anak-
anaké mbarep wong Mesir, mangka kita
diayomi!’" Wong Israèl banjur padha
tumelung lan sumungkem sujud.
28 Sawisé mengkono nuli padha lunga
nindakaké apa sing didhawuhaké déning
Allah marang Musa lan Harun.
29 Ing tengah wengi Allah mejahi
saben anak pembarep ing tanah
Mesir, wiwit pembarepé Sang Pringon
nganti pembarepé wong tahanan ing
pakunjaran; malah tekan kéwan sing lair
kawitan iya dipatèni.
30 Ing wengi kuwi, Sang Pringon,
para penggedhé sarta wong Mesir
kabèh padha tangi. Ing satanah Mesir
kabèh keprungu tangis lan panjerit sing
nrenyuhaké, merga ora ana omah siji
waé sing ora kepatèn anaké lanang
mbarep.
31 Ing bengi kuwi uga Sang Pringon
nimbali Musa lan Harun sarta dhawuh,
"Lungaa saka kéné, kowé sarta
bangsamu! Metua saka negaraku!
Lungaa saos kurban marang Allahmu
kaya sing kokkarepaké.

32 Wedhus gèmbèl, wedhus jawa sarta
sapimu kabèh gawanen! Lungaa, aku
padha suwunna berkah!"
33 Kaya mengkono wong-wong Mesir
padha neseg kanthi adreng marang
bangsa Israèl, supaya padha énggal
lunga saka ing tanah Mesir; pangucapé,
"Yèn kowé ora énggal-énggal lunga, aku
kabèh mesthi padha mati."
34 Wong-wong Israèl banjur padha
njupuk roti sing isih wujud jladrèn
tanpa ragi, kabuntel ing sléndhang, nuli
disampiraké ing pundhaké.
35 Wong-wong mau wis nindakaké
apa sing didhawuhaké déning Musa.
Mengkono uga iya wis padha njaluk
barang-barang mas-masan lan slaka
sarta sandhangan marang wong Mesir.
36 Allah ndadèkaké wong Mesir padha
ngajèni marang wong Israèl, sarta
mènèhi apa waé sing dijaluk. Dadiné
wong Mesir presasat dijarah-rayah
déning wong Israèl.
37 Wong Israèl banjur padha budhal
saka kutha Raamsès menyang kutha
Sukot, cacahé wong lanang wetara
600.000 (nem kethi); ora kepétung
wong wadon lan bocah-bocah.

38 Akèh wong-wong bangsa liya werna-
werna padha mèlu, mengkono uga akèh
banget wedhus gèmbèl, wedhus jawa
sarta sapi kang iya padha digawa.
39 Wong-wong mau padha mbakar roti
tanpa ragi, yakuwi jladrèn gawan saka
Mesir, sebab padha dikon lunga dadakan,
nganti ora kober nyawisaké sangu.
40 Wong Israèl enggoné manggon ing
tanah Mesir lawasé wis 430 taun.
41 Ing dina pungkasan taun sing ping
430 mau, umaté Allah padha tirakatan[e]
kagem Pangéran Allahé, merga padha
dientasaké saka ing tanah Mesir.
42 Bengi kuwi uga dadi bengi tirakatan
kanggo sakèhé wong Israèl turun-
temurun kagem kamulyané Pangéran,
Allahé.
43 Gusti Allah ngandika marang Musa
lan Harun, "Yaiki prenatan Riaya Paskah.
Wong bangsa liya ora kena mèlu mangan
Paskah iki.
44 Nanging batur sing wis koktuku kena
mèlu mangan, angger wis koktetaki.
45 Wong neneka sarta buruh opahan ora
kena mangan.

---

[e]tirakatan: lèk-lèkan.

46 Enggonmu mangan daging cempé
kudu ana ing panggonané cempé mau
dimasak, ora kena digawa metu. Aja
pisan-pisan nugel balungé cempé iku.
47 Sapasamuwané Israèl kabèh kudu
netepi prenatan iki.
48 Yèn ana wong bangsa liya sing
tetep pemanggoné ing antaramu,
mangka kepéngin mangan Paskah
kanggo ngurmati Allah, wong mau kudu
koktetaki dhisik, sawisé iku lagi kena
mèlu mangan. Sawisé mengkono wong
manca mau kaanggepa kaya déné wong
Israèl asli, sarta kena mèlu mèngeti
Riaya Paskah.
49 Prenatan tumraping wong Israèl asli
lan wong bangsa liya kang manggon ing
tengahmu iku padha."
50 Kabèh wong Israèl padha mbangun-
turut sarta nindakaké apa sing
didhawuhaké déning Allah marang Musa
lan Harun.
51 Ing dina kuwi Allah ngirid para taleré
umat Israèl metu saka ing tanah Mesir.

13

1 Gusti Allah ngandika marang
Musa,
2 "Sakèhing anak lanang mbarep
saosna marang Aku. Saben anak

lanang mbarepé wong Israèl, lan saben
kéwan lanang sing lair wiwitan kuwi
kagungan-Ku."
3 Préntahé Musa marang bangsa Israèl
mengkéné, "Dina iki pèngetana, yakuwi
dina enggonmu padha metu saka
ing tanah Mesir, panggonanmu dadi
batur-tukon. Iya ing dina kuwi enggoné
Gusti Allah merdikakaké kowé kabèh
saka pangwasané wong Mesir. Aja padha
mangan roti nganggo ragi.
4 Ing dina iki, sasi Abib kowé kabèh
padha lunga saka tanah Mesir.
5 Nganggo sumpah Allah njanjèni
leluhurmu arep maringaké tanahé wong
Kenaan, Hèt, Amori, Hèwi lan Yébus.
Sawisé Allah ngirid kowé lan kowé
ngenggoni negara sing sugih sarta subur
kuwi, saben taun ing sasi kapisan kowé
kabèh kudu nganakaké riaya mengkono.
6 Sajroné pitung dina kowé kudu padha
mangan roti tanpa ragi, lan ing dina
kapitu nganakna riaya kanggo ngurmati
Allah.
7 Iya sajroné pitung dina ing negaramu
aja nganti ana roti sing nganggo ragi.
8 Ing wiwitaning riaya, kowé kudu
nyritani anak-putumu, yèn olèhé padha

nganakaké riaya iku kanggo mèngeti
apa sing wis ditindakaké Allah kanggo
kowé kabèh, yakuwi budhalan saka ing
tanah Mesir.
9 Prenatan mengkono mau dadia
pretandha ana ing tangan sarta tetenger
ana ing bathukmu. Srana pèngetan
iku kowé bakal tansah diélingaké
supaya Angger-anggeré Allah tansah
kokucapaké lan koksinau. Sebab Gusti
Allah wis ngluwari kowé kabèh saka ing
tanah Mesir nganggo pangwasa sing
gedhé.
10 Riaya iki kudu dianakaké saben taun
ing wektu sing wis ditemtokaké."
11 Préntahé Musa marang bangsa Israèl
mengkéné, "Gusti Allah bakal ngirid
kowé kabèh menyang negara Kenaan,
sing dijanjèkaké nganggo sumpah
marang kowé sarta marang leluhurmu.
Sawisé tanah mau dipasrahaké marang
kowé,
12 kowé kabèh kudu nyaosaké anakmu
lanang sing mbarep lan kéwan lanang
sing lair kawitan. Kabèh kuwi kagungané
Allah.
13 Nanging saben kuldi lanang sing lair
kawitan kudu ditebus nganggo nyaosaké

cempé wedhus gèmbèl minangka
gantiné. Déné yèn kowé ora gelem
nebus kuldi mau, kéwan mau kudu
diputung guluné. Semono uga anakmu
lanang sing mbarep iya kudu koktebus.
14 Déné yèn ing tembé mburi anakmu
takon tegesé prenatan iki, kudu
kokwangsuli mengkéné, ‘Kanthi
pangwasa kang gedhé Gusti Allah ngirid
kita metu saka ing tanah Mesir, kuwi
panggonan kita dadi batur-tukon.
15 Nalika Sang Pringon mangkotaké
penggalihé sarta ora nglilani kita padha
lunga saka ing Mesir, Gusti Allah mejahi
saben anak lanang pembarep, iya
manungsa, iya kéwan. Yakuwi sebabé
kita saos kurban marang Allah wujud
kéwan lanang sing lair kawitan, nanging
kudu nebus anak mbarep kita.’
16 Srana mengkono prenatan mau
ngélingaké marang kita, dadi pretandha
ana ing tangan lan ing bathuk kita, kang
tansah ngélingaké marang kita, yèn
Allah ngentasaké kita saka ing tanah
Mesir ngagem pangwasa gedhé."
17 Nalika bangsa Israèl dililani lunga
déning Sang Pringon, Allah enggoné
ngirid ora metu pesisir nuju negara

Filistia, senajan dalan iku luwih cedhak.
Gusti Allah menggalih, "Bangsa iki
menawa kecuwan atiné, aja nganti
banjur bali menyang tanah Mesir, yaiku
samasa ngerti yèn dhèwèkné kudu
perang."
18 Mulané Gusti Allah enggoné ngirid
bangsa iku diénggokaké metu ara-ara
samun nuju marang Segara Teberau.
Lan wong Israèl tansah cecawis maju ing
perang.
19 Balungé Yusuf digawa déning
Musa saka tanah Mesir, sebab nalika
uripé wis njaluk sumpahé wong Israèl
mengkono. Yusuf wis weling, "Yèn Gusti
Allah ngentasaké kowé kabèh, jisimku
gawanen saka panggonan iki."
20 Wong Israèl banjur padha mangkat
saka Sukot tekan kutha Étam, ing tapel
watesé ara-ara samun.
21 Gusti Allah tindak ana ing ngarepé,
ing wayah awan ana ing tugu méga,
déné ing wayah bengi ana ing tugu
geni kanggo nuntun lakuné; mulané
wong-wong mau awan bengi bisa
nerusaké lakuné.

22 Sedina muput tugu méga mau ana
ing ngarepé, lan sewengi natas tugu geni
ngirid bangsa mau.

14

1 Gusti Allah banjur ngandika
marang Musa,
2 "Wong Israèl préntahana bali menèh
nganti tekan ing ngarepé kutha
Pi-Hahirot, antarané kutha Migdol
lan Segara Teberau, cedhaké kutha
Baal-Zéfon, lèrèna ana ing kono.
3 Sang Pringon bakal ngira yèn
wong Israèl kesasar lakuné lan padha
kepepetan déning ara-ara samun.
4 Aku bakal mangkotaké atiné, temah
bakal nututi kowé. Ing kono Aku
bakal numpes Sang Pringon sabalané.
Srana lelakon mau wong-wong bakal
ngluhuraké Aku, lan wong Mesir bakal
weruh yèn Aku iki Allah." Wong Israèl
padha nindakaké dhawuhé Allah mau.
5 Bareng Sang Pringon pirsa yèn bangsa
Israèl wis budhal, Sang Prabu lan
para penggedhéné padha gela, banjur
ngucap, "Apa sing kudu kita tindakaké?
Yagéné kita ngolèhaké wong Israèl
lunga; kita rak banjur kélangan batur."
6 Sang Pringon banjur nyiapaké kréta
perang lan tentarané, sarta

7 mangkat karo nggawa krétané kabèh,
klebu krétané sing becik-becik, cacahé
nem atus, ditunggangi para pemimpiné
perang.
8 Allah ndadèkaké Sang Pringon
wangkot atiné, mula banjur budhal
saka negarané ngoyak wong Israèl sing
dikanthi déning Allah.
9 Wadyabala Mesir karo jaran lan
krétané kabèh ngoyak wong Israèl,
tekan panggonané wong Israèl sing lagi
padha ngaso ing kémah ing sangareping
kutha Pi-Hahirot, sacedhaké Baal-Zéfon.
10 Wong Israèl bareng weruh Sang
Pringon lan wadyabalané wis cedhak,
padha wedi, banjur sesambat marang
Allahé.
11 Tembungé marang Musa, "Menapa
ing Mesir mboten wonten kuburan, déné
kita ngantos dipun bekta mriki namung
prelu nglurug pejah? Cobi kula aturi
mirsani menapa kedadosanipun, enggèn
kula sami dipun bekta medal saking
tanah Mesir!
12 Kula rak sampun matur dhateng
panjenengan wonten tanah Mesir.
Panjenengan kula aturi ngèndelaken
kula kémawon, kajengipun kula tetep

dados batur ing Mesir. Langkung saé
dados batur tinimbang pejah ing ara-ara
samun menika."
13 Musa mangsuli, "Aja wedi! Atimu
sing teteg, lan kowé bakal padha weruh
apa sing ditindakaké Allah kanggo
nylametaké kowé ing dina iki. Merga
wong Mesir sing padha kokdeleng ing
dina iki, iku bakal ora kokdeleng menèh
ing selawas-lawasé.
14 Gusti Allah piyambak kang bakal
maju perang kanggo kowé; kowé padha
menenga waé."
15 Pangandikané Allah marang Musa,
"Yagéné kowé padha sesambat nyuwun
tulung? Wong Israèl padha konen
nerusaké lakuné.
16 Tekenmu angkaten sarta acungna
ing segara. Banyuning segara bakal
miyak dadi loro, sarta wong Israèl olèhé
nyabrang segara bakal ngambah lemah
sing gasik.
17 Wong Mesir bakal Dakdadèkaké
wangkot atiné nganti padha ngoyak
wong Israèl, lan Aku bakal numpes
Sang Pringon sawadyabalané lan
kréta-krétané pisan.

18 Srana mengkono wong Mesir bakal
padha ngerti yèn Aku iki Allah, yaiku
samasa Aku wis nedahaké kaluhuran-Ku
marang Sang Pringon."
19 Malaékaté Allah sing ana ing
ngareping barisané wong Israèl banjur
pindhah tindak ana ing mburiné.
20 Tugu méga uga banjur mapan ana
ing antarané wong Mesir lan wong
Israèl. Tumraping wong Mesir méga
mau njalari peteng ndhedhet, nanging
tumraping wong Israèl madhangi, temah
ing sajroning sewengi iku golongan sing
siji ora bisa nyedhaki sijiné.
21 Musa banjur ngathungaké astané ing
arahé segara. Allah nuli nekakaké angin
saka Wétan banter banget, sewengi
muput. Saking bantering angin mau
ndadèkaké segarané asat lan banyuné
kapiyak.
22 Wong Israèl banjur padha mlaku
metu ing tengahing segara sing gasik,
déné banyu ing sakiwa-tengené presasat
témbok kang ngamping-ampingi.
23 Wong Mesir lan jarané kabèh, kréta
lan tentarané padha ngoyak nututi wong
Israèl ing tengahing segara.

24 Bareng ngadhepaké pajar Gusti Allah
mirsani wadyabala Mesir saka ing tugu
geni lan méga, banjur gawé bingungé
tentara Mesir.
25 Rodhaning kréta padha macet,
nganti lakuné dadi rendhet. Pangucapé
wong Mesir, "Allah mbantu wong Israèl,
nglawan marang kita. Ayo padha lunga
waé saka kéné!"
26 Pangandikané Allah marang Musa,
"Tanganmu athungna menyang segara,
banyuné bakal nangkeb pulih ngelebi
wong Mesir, dalasan kréta-kréta lan
balané jaranan."
27 Musa banjur ngathungaké astané
menyang segara; bareng ésuk banyuné
nangkeb pulih kaya mauné. Wong Mesir
padha mlayu arep mentas, nanging
diklelebaké déning Allah ing segara.
28 Banyuné nangkeb sarta ngelebi
kréta-kréta, sing nunggang sarta
wadyabala sing padha nututi wong
Israèl, nganti wong Mesir mau padha
mati kabèh.
29 Nanging wong Israèl padha mlaku
ngambah dhasaring segara sing
gasik, banyuné dadi kaya témbok ing
kiwa-tengené.

30 Ing dina kuwi Allah ngluwari bangsa
Israèl saka tanganing bangsa Mesir.
Déné wong Israèl padha weruh jisimé
wong Mesir sing padha mati pating
ngglasah ana ing pinggir segara.
31 Bareng weruh dhéwé gedhéning
pangwasané Allah enggoné ngalahaké
wong Mesir, wong Israèl banjur padha
wedi banget sarta precaya marang
Panjenengané, semono uga marang
Musa, abdiné.

15 1 Musa lan para wong Israèl
banjur nglagokaké kidung
pamuji katur marang Allah, mengkéné:
"Dakngidung konjuk marang Pangéran,
merga enggoné perang wis menang.
Jaran lan sing nunggang kabèh padha
kaklelebaké ing segara.
2 Pangéran ngreksa marang aku,
klawan astané kang rosa, temah wis
nylametaké bangsaku. Pangéran iku
Allahku, pepundhèné leluhurku, mulané
arep dakpuji kaluhurané.
3 Pangéran iku sénapati ing perang,
asmané kasebut Allah.
4 Bala Mesir, jaran lan krétané
diklelebaké ing segara. Para prawira sing
pilihan padha kleleb ing Segara Teberau.

5 Padha kakubur ing segara sing jero,
padha kelem kaya watu ing dhasaring
banyu.
6 Asta tengené Allah ngéram-éramaké,
mungsuh diremuk ajur-mumur.
7 Kalayan kaluhuran ingkang agung,
Paduka sampun numpes sakathahing
mengsah Paduka. Bebendu Paduka
mulad-mulad, mbesmi mengsah
presasat dami.
8 Seganten Paduka sebul, toya piyak
minggah, ngadeg jejeg kados témbok,
ngantos dhasaring seganten kénging
kaambah.
9 Pangucapipun mengsah, ‘Padha
dakoyaké, dakrayahé barang-darbèké,
dakedum-edum, dakjupuk ing
sakarepku, dakunus pedhangku, lan apa
sing diduwèni dakgawa kabèh.’
10 Napas saking Paduka sepisan
kémawon, njalari tiyang Mesir sami
kleleb. Sami kelem presasat timah, ing
toya ingkang nggegirisi.
11 Déwa pundi saged nyamèni Paduka,
Allah Mahamulya lan Mahasuci? Sinten
ingkang saged damel kaélokan lan
makarya kanthi pangwaos?

12 Menawi Paduka ngangkat asta tengen
Paduka, lajeng sami kauntal déning
bumi.
13 Paduka setya dhateng janji Paduka,
umat ingkang Paduka luwari lajeng
Paduka irid, dhateng tanah paduka
ingkang suci srana pangwaos.
14 Para bangsa sami mireng, lajeng sami
gemeter. Tiyang Filistin sami kedher, lan
para pengageng Édom sami gègèr. Para
pangwaos ing Moab sami ajrih sanget,
tiyang-tiyang Kenaan sami semplah,
gemeter.
15 (15:14)
16 Sami ketaman ing pagiris sareng
sumerep pangwaos Paduka, dhuh
Pangéran. Sami njenger saking
ajrihipun, ngantos umat Paduka
mengker késah saking ngriku, inggih
umat ingkang Paduka luwari saking
pangawulan.
17 Bangsa Israèl Paduka irid saha
Paduka tanem wonten ing redi kagungan
Paduka piyambak, ing panggènan
ingkang Paduka dalemi, ing pasucèn
yasané asta Paduka.
18 Inggih Paduka, dhuh Allah, ingkang
ngerèh langgeng ing selami-laminipun."

19 Nalika wong Israèl padha mlaku nratas segara, padha ngambah ing lemah gasik. Nanging bareng wong Mesir lan kréta-krétané dalah balané jaranan padha mlebu ing segara, Gusti Allah nangkebaké banyuné menèh, temah padha kleleb.
20 Miryam, nabi wadon, mbakyuné Harun, nuli njupuk terbangé, lan bebarengan karo para wong wadon liyané sing iya padha nabuh terbang nuli padha jejogèdan, ngrepèkaké kidung, surasané:
21 "Padha ngidunga kagem Pangéran Allah, awit gedhé kaluhurané. Jaran karo sing nunggangi padha diklelebaké ing segara."
22 Musa banjur ngirid bangsa Israèl saka Segara Teberau menyang ing segara wedhi Sur. Enggoné mlaku ngliwati ara-ara, mangka sajroning telung dina padha ora olèh banyu.
23 Banjur tekan ing panggonan sing jenengé Mara. Banyu ing panggonan kono rasané pait banget, nganti ora kena diombé. Panggonan mau dijenengaké Mara, tegesé pait.

24 Wong-wong padha ngedumel marang
Musa, pangucapé, "Kula sami badhé
ngombé menapa?"
25 Musa banjur ndedonga klawan
ngganter[f] marang Allah. Gusti Allah
nedahaké kayu marang Musa. Musa
nguncalaké kayu mau ing banyu;
banyuné banjur kena diombé. Iya ing
panggonan kono wong Israèl padha
diparingi prenatan-prenatan kang kudu
ditetepi, sarta iya padha ditètèr imané.
26 Pangandikané Gusti Allah, "Kowé
kudu padha mbangun-turut marang Aku
sarta nindakaké sekabèhing dhawuh-
Ku. Menawa kowé padha tumindak
mengkono, kowé ora bakal Dakukum
nganggo memala sing wis Daktandukaké
marang wong Mesir. Aku iki Allah kang
marasaké kowé."
27 Sabanjuré wong-wong Israèl tekan
panggonan sing jenengé Élim. Ing kana
ana sumber cacahé rolas sarta wit kurma
pitung puluh. Wong-wong Israèl banjur
padha ngedegaké kémah ing sacedhaké
sumber mau.

16 1 Umat Israèl kabèh banjur padha
mangkat saka ing Élim; lan ing

---

[f]ngganter: temen-temen.-temen.

tanggal limalas sasi loro, tekan segara
wedhi Sin, yakuwi antarané Élim lan
Gunung Sinai.
2 Ana ing kono umat Israèl padha
nggrundeli Musa lan Harun,
3 tembungé, "Langkung saé menawi
Gusti Allah enggènipun mejahi kula
wonten ing Mesir, sebab wonten ing
ngrika kula samboten-mbotenipun
saged ngadhep kuwali isi daging lan
roti ngantos tuwuk. Nanging samenika
panjenengan sampun ngirid kula
sapasamuwan dumugi ngriki supados
kula sami pejah kaliren."
4 Pangandikané Allah marang Musa,
"Aku bakal nekakaké pangan kaya
udan saka ing langit kanggo kowé
kabèh. Saben dina kowé kudu padha
nglumpukaké pangan kuwi sacukupé
kanggo sedina. Srana patrap mengkono
Aku bakal pirsa apa wong-wong iku iya
padha mbangun-turut karo dhawuh-Ku
apa ora.
5 Ing dina kaping nem wong Israèl
kudu padha nglumpukaké sarta masak
pangan mau tikel loroné adaté."
6 Musa lan Harun banjur ngandika
marang wong-wong Israèl, "Mengko soré

kowé bakal padha ngerti yèn Allah sing
ngluwari kowé saka ing tanah Mesir.
7 Sésuk kowé bakal padha ndeleng
cahyaning Pangéran kang mblerengi,
mretandhani yèn Gusti Allah rawuh.
Panjenengané wis mirengaké
panggrundelmu marang Panjenengané,
iya marang Panjenengané piyambak,
sebab aku iki rak mung nindakaké
dhawuhé."
8 Musa banjur ngandika, "Mengko soré
Gusti Allah bakal maringi daging marang
kowé, sarta sésuk-ésuk roti nganti
sawaregmu, merga Panjenengané wis
miyarsa panggrundelmu marang Allah.
Yèn kowé nggrenengi aku, iku satemené
kowé nggrenengi Gusti Allah."
9 Musa banjur ngandika marang
Harun, "Umat kabèh kumpulna ing
ngarsané Allah, sebab Panjenengané wis
midhanget panggrundelé."
10 Bareng Harun ngandika marang umat
Israèl, kabèh banjur padha madhep
marang ing ara-ara samun. Sanalika iku
uga cahya kamulyané Allah ngetingal
ana ing sajroning méga.
11 Pangandikané Allah marang Musa,

12 "Aku wis midhanget panggrundelé wong Israèl. Kandhakna karo wong-wong iku, yèn ing wayah soré bakal padha mangan daging, lan ing wayah ésuk bakal padha mangan roti sawaregé. Srana mengkono wong-wong bakal padha ngerti yèn Aku iki Pangéran Allahé."
13 Ing wayah soré ana manuk gemak[g] gegrombolan akèh banget padha neba nganti nutupi panggonan sing kanggo ngedegaké kémah; déné ésuké banjur ana bun ing sakubenging kémah.
14 Bareng bun mau wis nguwab, banjur katon ana barang tipis kaya sisik rata saara-ara samun. Wujudé alus banget kaya bun sing njendhel.
15 Bareng wong Israèl weruh, banjur padha takon-tinakon, "Apa kuwi?" Musa banjur ngandika marang wong-wong Israèl, "Iya iki pangan sing diparingaké marang kowé kabèh.
16 Gusti Allah wis dhawuh, supaya saben wong njupuk sacukupé kanggo brayaté, wong siji rong liter, saben brayat njupuka miturut jiwané."

---

[g]gemak: puyuh..

17 Wong-wong Israèl banjur padha
nindakaké dhawuh mau; nalika ditaker
nganggo gomèr[h] ana sing olèhé
nglumpukaké luwih, nanging uga ana
sing kurang.
18 Sing nglumpukaké akèh jebul ora
turah, lan sing nglumpukaké sethithik
iya ora kurang, mula saben wong mung
nglumpukaké sepira butuhé.
19 Musa kandha karo wong-wong
mau, "Aja nyimpen pangan iki tekan
sésuk-ésuk."
20 Nanging ana sawetara wong Israèl
sing padha ora nggugu marang dhawuhé
Musa. Wong-wong mau padha nyimpen
pangan tekan dina ésuké. Nanging ésuké
pangan mau jebul mambu lan kebak
sèté, ndadèkaké dukané Musa.
21 Saben ésuk wong-wong Israèl padha
nglumpukaké pangan sacukupé, déné
yèn srengéngéné wis panas, pangan sing
kèri ing lemah banjur ajèr.
22 Ing dina kanem wong-wong padha
nglumpukaké pangan nganti tikel loro,
wong siji patang liter. Para pemimpiné
umat kabèh padha teka sarta nglapuraké
marang Musa.

---

[h]gomèr: mirsanana Kel 16:36.

23 Musa banjur kandha marang wong-
wong mau, "Sésuk kuwi dina Sabbat.
Gusti Allah wis netepaké yèn dina Sabbat
kuwi dina kanggo ngaso, yakuwi dina
kagem Panjenengané. Ing dina kuwi apa
sing arep kokpanggang, panggangen,
lan apa sing arep kokgodhog, godhogen.
Turahané kudu disisihaké lan disimpen
kanggo ésuké."
24 Turahané pangan mau banjur padha
disimpen kanggo ing dina ésuké netepi
dhawuhé Musa. Pangan mau ora mambu
lan ora ana sèté.
25 Musa ngandika, "Ya iki panganmu
kanggo ing dina iki, sebab dina iki
dina Sabbat, dina pengasoan kanggo
ngurmati Allah, sarta kowé sethithik waé
ora bakal nemu pangan ing sanjabaning
kémah.
26 Nem dina lawasé kowé kudu
nglumpukaké pangan, nanging dina
kapitu kuwi dina kanggo ngaso; ing dina
iku ora ana roti."
27 Ing dina kapitu ana wong Israèl
sawetara arep nglumpukaké pangan,
nanging ora olèh apa-apa.
28 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa, "Nganti pira lawasé enggonmu

padha ora mbangun-turut marang
dhawuh-dhawuh-Ku?
29 Titènana yèn Aku, Allah, wis maringi
kowé dina kanggo ngaso. Mulané ing
dina kanem Aku maringi pangan kanggo
rong dina. Ing dina kapitu kudu padha
ngaso ing omah, ora kena lunga."
30 Dadi ing dina kapitu wong-wong
padha ora nyambut-gawé.
31 Pangan mau dijenengaké manna
déning wong Israèl. Manna kuwi rupané
kaya wiji cilik, wernané putih lan rasané
kaya biskuit, sing digawé nganggo madu.
32 Pangandikané Musa, "Gusti Allah wis
ndhawuhi kita, supaya nisihaké manna
sethithik kanggo turun kita, supaya
turun kita padha ngerti pangan sing
diparingaké déning Allah marang kita
ana ing ara-ara samun; yakuwi nalika
Gusti Allah ngirid kita metu saka ing
tanah Mesir."
33 Dhawuhé Musa marang Harun,
"Njupuka guci, isènana manna rong liter
sarta dokokna ing Papan Palenggahané
Allah, disimpen kanggo turun kita."
34 Harun banjur nyèlèhaké guci ing
sangareping Pethi Angger-angger,

disimpen, manut dhawuhé Allah marang
Musa.
35 Manna kuwi dadi pangané wong
Israèl sajroné patang puluh taun, nganti
padha tekan Kenaan, panggonané sing
tetep.
36 (Gomèr iku takeran kanggo barang
garing sing lumrahé dienggo dhèk jaman
semana; sagomèr padha karo rong
puluh liter.)
17 1 Umat Israèl kabèh banjur padha
budhal saka segara wedhi Sin
lan pindhah-pindhah saka papan siji
menyang papan sijiné manut dhawuhé
Allah. Banjur padha ngedegaké kémah
ing Rafidim, nanging ing kana ora ana
banyu.
2 Umat Israèl nuli padha ngresula
marang Musa lan kandha, "Kula nyuwun
toya kanggé ngombé." Wangsulané
Musa, "Yagéné kowé padha madoni aku
sarta nyoba marang Allah?"
3 Sarèhné sing padha ngelak akèh
banget, mulané padha ora meneng-
meneng nggrundeli Musa, tembungé,
"Kénging menapa kula panjenengan irid
medal saking tanah Mesir, ndadosaken

kula saha anak kula tuwin kéwan kula
sami pejah kasatan?"
4 Musa banjur matur marang Allah,
unjuké, "Menapa ingkang kedah kula
lampahi kanggé bangsa menika? Kawula
temtu badhé dipun benturi séla."
5 Dhawuhé Allah marang Musa, "Mlakua
ing sangareping wong akèh, supaya
ditutaké déning para tuwa-tuwané
bangsa Israèl. Teken sing kokenggo
nyabet banyu kali kaé gawanen, banjur
mangkata.
6 Aku bakal jumeneng ing sandhuwuré
watu karang ing Gunung Sinai; watu
karang kuwi banjur sabeten, temah
bakal metu banyuné kanggo ngombé."
Musa banjur nindakaké dhawuhé Gusti
Allah ana ing ngarepé tuwa-tuwané
bangsa Israèl.
7 Panggonan kono banjur kasebut Masa
lan Mériba, merga wong Israèl wis padha
madoni lan nyoba marang Allah mau,
tembungé, "Gusti Allah apa iya ana ing
tengah-tengah kita?"
8 Nalika semana tentara Amalèk
nglurug, merangi wong Israèl ana ing
Rafidim.

9 Musa banjur dhawuh marang Yosua,
"Aku pilihna wong kanggo methukaké
perang nglawan wong Amalèk. Sésuk
aku arep ngadeg ing ndhuwur punthuk
karo nggawa tekené Allah."
10 Yosua nglakoni dhawuhé Musa maju
perang nglawan wong Amalèk. Déné
Musa, Harun lan Hur, padha munggah
ing punthuk.
11 Angger Musa enggoné ngangkat
astané dhuwur, wong Israèl perangé
menang. Nanging yèn astané mandhap,
wong Amalèk sing menang.
12 Suwé-suwé astané Musa keju,
mulané banjur dijupukaké watu kanggo
lenggah; Harun lan Hur padha nyangga
astané Musa nganti surup.
13 Kaya mengkono wong Amalèk
enggoné padha ditumpes déning Yosua
nganggo landheping pedhang.
14 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa, "Lelakon iki kabèh tulisen,
supaya dadi pengéling-éling. Kandhakna
marang Yosua yèn wong Amalèk bakal
Daksirnakaké babar-pisan."
15 Musa banjur yasa mesbèh sarta
dijenengaké, "Gusti Allah kuwi Panjiku".

16 Pangandikané Musa, "Panjiné Allah
cekelen sing dhuwur! Gusti Allah bakal
nglestantunaké perangé nglawan Amalèk
turun-temurun!"

18

1 Yitro mara sepuhé Musa,
imam ing Midian, mireng bab
samubarang sing ditandukaké déning
Allah marang Musa lan bangsa Israèl,
nalika Panjenengané ngirid bangsa Israèl
metu saka ing tanah Mesir.
2 Yitro banjur mangkat niliki Musa,
ngasta Zipora, garwané Musa sing isih
kèri ana ing tanah Midian,
3 mengkono uga putrané kakung loro,
Gérsom lan Élièzer. Sing mbarep nama
Gérsom, sebab Musa ngandika, "Aku iki
wong neneka ing negara manca,"
4 déné putra sing nomer loro nama
Élièzer, awit Musa ngandika, "Allahé
leluhurku wis nulung sarta nylametaké
aku nganti ora dipatèni déning raja ing
Mesir."
5 Yitro, bebarengan karo garwa lan
putrané Musa loro tekan ing ara-ara
samun panggonané Musa ngedegaké
kémah ana ing gunung suci.
6 Yitro utusan ngabari yèn arep rawuh.

7 Mulané Musa metu methukaké,
sarta sungkem ing ngarsané Yitro, lan
ngaras panjenengané. Sawisé padha
bagé-binagé bab keslametané, banjur
padha mlebet ing kémahé Musa.
8 Musa nyariyosaké marang marasepuhé
apa sing wis ditandukaké déning Allah
marang raja lan bangsa Mesir, kanggo
ngluwari wong Israèl. Musa iya
nyariyosaké sakèhing ngrekasané ing
sedalan-dalan, sarta kepriyé enggoné
padha ditulungi déning Allah.
9 Bareng Yitro mireng bab kuwi kabèh
penggalihé bungah banget,
10 banjur ngandika, "Pinujia Allah sing
wis ngluwari kowé kabèh saka ing astané
raja lan bangsa Mesir! Pinujia Allah sing
wis ngluwari umaté saka enggoné dadi
batur-tukon.
11 Saiki aku ngerti, yèn Allah kuwi luwih
luhur tinimbang karo sakèhing déwa,
sebab kabèh mau ditindakaké nalika
wong Mesir tumindak sawenang-wenang
marang bangsa iki."
12 Yitro banjur nyaosaké kurban
obongan sarta kurban sembelèhan
sawetara katur marang Allah. Harun
sarta para tuwa-tuwané bangsa Israèl

kabèh mèlu dhahar bebarengan
minangka pangibadah marang Allah.
13 Ésuké Musa ngadili prekara
pasulayané wong Israèl. Pegawéan kuwi
gawé répoté Musa wiwit ésuk tekan
bengi.
14 Nalika Yitro pirsa apa waé sing
ditindakaké Musa, banjur ndangu, "Apa
waé sing koktindakaké kanggo bangsa
iki? Yagéné kabèh mau koktandangi
dhéwé, nganti bab njaluk pitutur waé
kudu padha ngadeg wiwit ésuk tekan
bengi?"
15 Wangsulané Musa, "Menika kedah
kula lampahi, mergi tiyang-tiyang
ingkang kepéngin ngertos kersanipun
Allah menika sami takèn dhateng kula.
16 Menawi wonten tiyang ingkang sami
regejegan, kula ingkang kedah nyukani
putusan sinten ingkang leres, mawi kula
sumerepaken dhateng prenatan saha
Angger-anggering Allah."
17 Yitro banjur ngandika, "Cara sing
mengkono kuwi kurang prayoga.
18 Kowé mung gawé kesel awakmu
dhéwé lan wong-wong kuwi. Pegawéan
iki kakèhen yèn mung ditindakaké
déning wong siji.

19 Coba pituturku iki lakonana. Gusti
Allah bakal nunggil karo kowé. Pancèn
becik makili bangsa iki ing ngarsané
Allah sarta nglantarakaké sarupaning
prekara marang Panjenengané.
20 Nanging kowé uga kudu mulang
wong-wong kuwi bab prenataning Allah
sarta nuturi caranè urip sing becik sarta
nindakaké pegawéan sing prayoga.
21 Kejaba kuwi kowé kudu milih wong
lanang sawetara sing sembada, iku
dadèkna hakim sing nglurahi wong
sèwu, wong satus, wong sèket lan wong
sepuluh. Wong-wong mau kudu sing
ngabekti marang Allah, kena diprecaya
sarta ora gelem nampani besel (suap).
22 Wong-wong mau kang kudu
ngadili umat ing samangsa-mangsa.
Prekara-prekara sing gedhé-gedhé kena
diaturaké marang kowé, nanging prekara
sing cilik-cilik karebèn dirampungi
para hakim dhéwé. Yèn mengkono
bisa ngènthèngaké ayahanmu, sebab
wong-wong mau padha mèlu mikul
tanggung jawabmu.
23 Yèn enggonmu nindakaké dhawuhé
Allah kaya mengkono, kowé bakal ora
kekeselen; tur wong-wong padha mulih

kanthi lega atiné, merga prekarané wis
putus."
24 Musa ndhèrèk marang dhawuhé
Yitro,
25 banjur milih wong-wong Israèl sing
sembada, lan diangkat dadi para hakimé
bangsa, ana sing mimpin wong sèwu,
wong satus, wong sèket lan wong
sepuluh.
26 Wong-wong mau dadi hakim
gemathok, kang ngadili wong-wong sing
padha prekaran. Prekara sing angèl
diaturaké marang Musa, déné sing
gampang dirampungaké dhéwé.
27 Sawisé mengkono Musa nuli
nguntapaké Yitro kondur menyang
negarané.
19 1 Sawisé lelakon mau bangsa
Israèl banjur budhal saka Rafidim.
Ing tanggal siji sasi katelu sapungkuré
saka Mesir, padha tekan ing ara-ara
samun ing pegunungan Sinai. Banjur
padha ngedegaké kémah ing sikiling
Gunung Sinai kono,
2 (19:1)
3 déné Musa minggah ing gunung prelu
sowan ing ngarsané Gusti Allah. Gusti
Allah ngandika sora saka ing gunung

mau lan Musa kadhawuhan nerusaké
pangandika mau marang wong Israèl,
turuné Yakub,
4 "Kowé kabèh wis padha weruh apa
kang Daktandukaké marang wong
Mesir, lan kepriyé enggon-Ku ngirid
kowé Dakparakaké ing ngarsa-Ku kéné
kanthi pangwasa kang gedhé, kaya déné
manuk garudha sing nggéndhong anaké
ing swiwiné.
5 Kang iku, saiki yèn kowé padha
mbangun-turut marang dhawuh-Ku
sarta padha netepi janji-Ku, kowé bakal
padha Dakdadèkaké umat kekasih-Ku.
Salumahing bumi iki kagungan-Ku, déné
kowé kabèh bakal dadi umat-Ku kang
pinilih,
6 sarta kowé bakal padha dadi umat
kang Daksengker ngladosi Aku ana ing
kraton-Ku."
7 Musa banjur mandhap sarta
ngumpulaké para tuwa-tuwané bangsa,
dicritani apa sing wis didhawuhaké
déning Allah marang Musa.
8 Kabèh padha mangsuli bebarengan,
"Kula badhé sami nindakaken
sadhawuhipun Gusti Allah." Lan
wangsulan iki diaturaké déning Musa

marang Gusti Allah. Pangandikané Allah
marang Musa, "Aku bakal ngrawuhi
kowé ing sajroning mendhung kang
peteng; sarta wong-wong bakal padha
krungu pangandika-Ku marang kowé;
wiwit wektu iki wong-wong bakal padha
ngandel marang kowé.
9 (19:8)
10 Saiki wong-wong iku paranana,
padha konen sesuci ing dina iki lan sésuk
kanggo ngibadah. Sandhangané kudu
padha dikumbah.
11 Mbésuk embèn kudu wis padha
cemawis. Ing dina kuwi Aku bakal
tedhak menyang Gunung Sinai, supaya
wong-wong kabèh padha ndeleng
marang Aku.
12 Gawéa pager ing sakubengé gunung
kuwi, supaya aja ana sing munggah ing
gunung, apa menèh nyedhak ing sikilé
gunung. Sing sapa ngliwati pager, bakal
kaukum pati.
13 Wong mau kudu dibenturi watu
utawa dipanah, lan ora kena digepok ing
tangan. Larangan iki kanggo manungsa
lan kéwan; sapa waé sing ngliwati pager
kudu diukum pati. Mung sawisé krungu

unining slomprèt, bangsa mau kabèh
lagi kena munggah ing gunung."
14 Musa banjur mandhap saka gunung
lan dhawuh supaya wong-wong padha
sesuci kanggo ngibadah. Dhawuhé,
"Mbésuk embèn kowé kudu wis padha
cecawis lan tekan dina kaping teluné
kowé ora kena padha nyedhaki wong
wadon." Bangsa mau nuli padha sesuci
sarta ngumbahi sandhangané.
15 (19:14)
16 Ing dina katelu ana gludhug lan
bledhèg. Mendhung kandel katon ana
ing sandhuwuring gunung, banjur
keprungu swarané slomprèt banter
banget. Wong-wong ing kémah padha
giris kabèh.
17 Musa banjur ngirid wong-wong mau
metu saka palerebané séba ing ngarsané
Gusti Allah; banjur padha ngadeg ing
sikiling gunung.
18 Gunung Sinai kabèh ketutupan
mendhung kang peteng, merga Allah
wis rawuh ing gunung ana ing sajroné
urubing geni. Mendhung mau kumelun
kaya keluké pawon. Gunungé dadi oreg.

19 Swarané slomprèt saya banter.
Musa banjur munjuk, déné Allah paring
wangsulan saka ing sajroning gludhug.
20 Gusti Allah nuli tumedhak marang
pucuking Gunung Sinai sarta nimbali
Musa supaya marek. Musa uga banjur
minggah.
21 Gusti Allah nuli ngandika, "Mudhuna
sarta bangsa kuwi élingna, yèn ora
kena mbrobos ing pager, sarta nyedhak
ndeleng Aku, temah akèh sing bakal
padha mati.
22 Mengkono uga para imam sing
kepéngin nyedhaki Aku, kudu sesuci,
supaya aja ketaman ing bebendu."
23 Aturé Musa marang Allah, "Bangsa
menika mboten badhé minggah, mergi
Gusti sampun ngandikani kawula, bilih
redi menika kadadosna panggènan
ingkang suci; saha sampun wonten
pageripun mubeng."
24 Dhawuhé Gusti Allah, "Mudhuna sarta
mrénéa menèh karo Harun. Nanging
para imam lan rakyat aja nganti mbrobos
ing pager, sowan ing ngarsa-Ku, temah
kena ing bebendu."
25 Musa banjur mandhap sarta nerusaké
dhawuhé Allah marang wong-wong mau.

20 [1] Gusti Allah banjur ngandika
mengkéné,
[2] "Aku iki Allahmu sing wis ngentasaké
kowé saka ing tanah Mesir, panggonanmu
dadi batur-tukon.
[3] Aja padha nduwèni allah liyané kejaba
Aku.
[4] Aja padha gawé reca utawa tetironé
apa waé sing ana ing langit, ing bumi,
utawa ing banyu sangisoring bumi
kanggo disembah-sembah.
[5] Aja padha sujud utawa ngabekti
marang reca mau, awit Aku iki Allahmu,
Allah sing sujanan. Aku bakal ngukum
wong sing sengit marang Aku, nganti
turun ping telu lan ping pat.
[6] Nanging Aku nresnani sakèhing turuné
wong sing padha tresna marang Aku lan
nindakaké dhawuh-Ku.
[7] Aja padha ngrèmèhaké marang
asma-Ku, sebab Aku, Allahmu, bakal
ngukum sapa waé sing ngrèmèhaké
asma-Ku.
[8] Élinga lan sucèkna dina Sabbat.
[9] Nem dina kowé padha nyambuta-
gawé.
[10] Nanging dina kapitu kuwi dina kang
katetepaké déning Pangéran kanggo

ngaso. Ing dina kuwi kowé aja padha
nyambut-gawé, mengkono uga anak-
anakmu, réwangmu, kéwanmu utawa
wong liya sing ana ing wewengkonmu.
11 Sajroné nem dina Aku nitahaké
bumi, langit, segara, lan saisiné kabèh;
nanging ing dina kapitu Aku lèrèn.
Mulané Aku mberkahi dina Sabbat mau
sarta Daksucèkaké.
12 Padha ngajènana bapa lan biyungmu,
supaya dawa umurmu ana ing tanah sing
Dakparingaké marang kowé.
13 Aja padha mematèni.
14 Aja padha laku bédhang.
15 Aja padha nyenyolong.
16 Aja padha ngucapaké paseksi goroh
tumrap pepadhamu.
17 Aja padha mélik marang omahé
pepadhamu, apa déné bojoné, baturé
lanang utawa wadon, sapi utawa
kuldiné lan apa waé sing dadi duwèké
pepadhamu."
18 Bareng wong-wong padha krungu
gumlegering gludhug lan bledhèg sarta
uniné slomprèt, apa menèh weruh
kumeluning mendhung ing gunung,
banjur padha wedi banget, nuli padha
mundur, ngadohi.

19 Aturé marang Musa, "Mugi
panjenengan kémawon ingkang
ndhawuhi kula, sampun Gusti Allah,
mindhak kula sami pejah."
20 Pangucapé Musa, "Aja padha kuwatir,
Gusti Allah kersa nguji kowé, supaya
kowé padha wedi-asih marang Allah,
sarta ora padha gawé dosa."
21 Nanging wong-wong padha ngadeg
ing kadohan, mung Musa piyambak
nyelak ing mendhung kang peteng,
panggonané lenggah Gusti Allah.
22 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa, "Wong-wong Israèl padha
dhawuhana mengkéné, ‛Kowé wis padha
krungu pangandika-Ku saka ing langit.
23 Kowé aja padha gawé brahala saka
slaka utawa emas ing sandhing-Ku.
24 Aku gawèkna mesbèh saka lemah;
kuwi enggonen saos kurban obongan
lan kurban slametan, rupa wedhus lan
sapimu. Panggonan ngendi waé sing
bakal Dakpilih, kanggo ngibadah marang
Aku, iya ing panggonan kono Aku bakal
nuwèni lan mberkahi kowé.
25 Yèn kowé gawé mesbèh saka watu,
aja nganggo watu tatahan, sebab watu

tatahan wis kagepok ing tatahmu, dadi
wis ora patut kanggo Aku.
26 Mengkono uga enggonmu munggah
ing mesbèh aja nganggo undhak-
undhakan, supaya aja nganti katon
kawiranganmu.’"

21

1 Allah banjur ngandika marang
Musa, "Gawéa prenatan kanggo
wong Israèl mengkéné,
2 ‘Yèn kowé tuku batur-tukon wong
Israèl, wong mau kudu dadi batur-tukon
sajroné nem taun. Ing taun kapitu kudu
diluwari tanpa mbayar tebusan apa-apa.
3 Yèn enggoné dadi batur isih jaka,
wong mau nalika diluwari ora kena
nggawa bojo. Nanging yèn enggoné dadi
baturmu wis omah-omah kena nggawa
bojoné.
4 Yèn bendarané mènèhaké wong
wadon supaya dadi bojoné, mangka
banjur duwé anak, bojo lan anaké dadi
duwèké bendarané; batur mau nalika
diluwari kudu mung lunga dhéwé.
5 Nanging yèn batur mau tresna marang
bendara, bojo lan anaké, sarta ora gelem
diluwari,
6 bendarané kudu ngejak wong mau
menyang panggonan sing kanggo

ngibadah. Ing kono batur mau konen
ngadeg lèndhèhan lawang utawa cagaké
lawang; déné bendarané kudu nyoblos
kupingé batur mau; lan wong mau bakal
dadi baturé sajegé urip.
7 Yèn ana wong wadon Ibrani dadi
batur, wong mau ora kena diluwari kaya
carané ngluwari batur lanang.
8 Yèn wong wadon mau didol marang
wong lanang sing nduwèni niat arep
ngepèk bojo, mangka banjur ora seneng,
wong wadon mau kudu didol marang
bapakné wong wadon mau, ora kena
marang wong manca, sebab wong
lanang mau wis mblénjani janji.
9 Yèn ana wong tuku batur wadon arep
didadèkaké mantuné, batur mau kudu
dianggep kaya anaké dhéwé.
10 Yèn ana wong lanang arep rabi
menèh, kudu mènèhi bojoné sing
kapisan sandhang, pangan lan
wewenang padha kaya mauné.
11 Yèn ora netepi kuwajibané, wong
lanang mau kudu ngluwari bojoné
kang kapisan tanpa nganggo mbayar
tebusan.’"
12 "Sing sapa menthung wong nganti
ndadèkaké patiné, kudu diukum pati.

13 Nanging yèn olèhé menthung mau
ora dijarag, dadi tangané mau diagem
déning Gusti Allah nindakaké mengkono,
wong mau kena ngungsi menyang ing
panggonan sing bakal Daktuduhaké,
sarta ana ing kana wong mau bakal
slamet.
14 Nanging yèn ana wong muntab
nepsuné lan njarag matèni wong liya,
wong sing matèni mau senajan wis
mlayu menyang mesbèh-Ku prelu
nylametaké awaké, kudu diukum pati.
15 Sing sapa menthung bapak utawa
biyungé kudu diukum pati.
16 Sing sapa nyulik wong, banjur didol
utawa didadèkaké baturé dhéwé, kudu
diukum pati.
17 Sing sapa ngipat-ipati bapak utawa
biyungé kudu diukum pati.
18 Yèn ana wong regejegan sing
siji menthung nganggo watu utawa
ngantem, nanging ora njalari patiné,
mung kepeksa turonan,
19 banjur bisa tangi lan mlaku tekenan,
wong sing menthung utawa ngantem iku
kudu ngopèni wong sing diantem mau
nganti wongé waras; kejaba iku kudu

mènèhi ganti-rugi sajroné wong mau
nganggur.
20 Sing sapa nggebugi baturé lanang
utawa wadon, nganti batur mau mati
sanalika, wong mau kudu diwales.
21 Nanging yèn batur mau ora mati
sajroné sedina utawa rong dina,
bendarané ora bakal diwales. Merga
batur mau duwèké dhéwé.
22 Yèn ana wong sawetara padha
kerengan, mangka natoni wong sing
lagi meteng nganti kluron, nanging
ora ndadèkaké cilakané wong wadon
mau, sing menthung kudu didhendha
manut sepira penjaluké bojoné, miturut
putusané hakim.
23 Nanging yèn wong wadon mau nganti
mati, ukumané nyawa gantiné nyawa,
24 mripat gantiné mripat, untu gantiné
untu, tangan gantiné tangan, sikil
gantiné sikil,
25 mlicèt gantiné mlicèt, tatu liruné
tatu, abuh liruné abuh.
26 Sing sapa nyabet mripaté baturé
lanang utawa wadon nganti batur mau
wuta, batur mau kudu diluwari minangka
liruné mripaté.

27 Yèn ana wong nyabet baturé nganti
untuné rampal, batur mau kudu diluwari
minangka liruné untuné."
28 "Yèn ana sapi nyundhang wong
nganti mati, kéwan mau kudu dibenturi
watu nganti mati, sarta dagingé ora kena
dipangan, nanging sing duwé sapi ora
bakal diukum.
29 Nanging upamané sapi mau nduwèni
pakulinan nyundhang wong, mangka
sing duwé wis diélikaké, éwasemono
kéwan mau meksa ora dikandhang,
yèn sapi mau kelakon nyundhang wong
nganti mati, kéwan mau kudu dibenturi
watu nganti mati; déné sing duwé uga
kudu diukum pati.
30 Menawa sing duwé sapi mau olèh
mbayar dhendhan kanggo nebus
nyawané, wong mau kudu mbayar kabèh
sing dadi kuwajibané.
31 Prenatan mengkono mau uga
kanggo bocah lanang utawa wadon sing
disundhang sapi nganti mati.
32 Yèn sing disundhang nganti mati mau
batur lanang utawa wadon, wong sing
duwé kéwan mau kudu mbayar dhuwit
slaka telung puluh marang sing duwé

batur, lan sapiné kudu dibenturi watu
nganti mati.
33 Sing sapa njupuk tutup sumur utawa
ndhudhuk sumur ora ditutupi, banjur
ana sapi utawa kuldi sing kacemplung
sumur mau,
34 sing duwé sumur kudu mbayar
ganti-rugi marang sing duwé kéwan;
nanging bathangé kéwan mau dadi
duwèké.
35 Yèn ana sapi matèni sapi duwèké
wong liya, sing duwé kudu padha adol
kéwané sing isih urip, dhuwité banjur
diparo.
36 Nanging yèn sapi mau pancèn
duwé pakulinan nyundhang, mangka
sing duwé ora nglebokaké sapiné ing
kandhang, wong mau kudu mbayar
ganti-rugi rupa sapi lanang sing isih
urip, déné sapi sing wis mati tetep dadi
duwèké."

22 1 "Sing sapa nyolong sapi utawa
wedhus gèmbèl, mangka banjur
didol utawa disembelèh, kudu ngijoli.
Sapi siji ijolé sapi lima, déné wedhus
gèmbèl siji ijolé papat.
2 Wong mau kudu ngijoli sing wis
dicolong. Yèn ora duwé apa-apa, wong

kuwi kudu didol dadi batur-tukon kanggo
ijolé barang sing wis dicolong. Yèn kéwan
colongan mau sapi, kuldi utawa wedhus
gèmbèl, kecekel isih urip, sing nyolong
kudu ngijoli saben kéwan siji ijolé loro.
Yèn ana maling ing wayah bengi kecekel
ing sajroning omah, banjur dipatèni,
sing matèni ora diukum. Nanging yèn
kedadéan mau ing wayah awan, sing
matèni kudu diukum pati.
3 (22:2)
4 (22:2)
5 Sing sapa ngumbar kéwané ing
pategalan utawa kebon anggur, mangka
kéwan mau banjur saba sarta mangan
tanduran tegalé wong liya, sing duwé
kéwan kudu mbayar ganti-rugi nganggo
pametuné pategalan utawa kebon
anggguré dhéwé.
6 Sing sapa ngobong-obong pategalané,
mangka geni mau nyalad grumbul ri,
banjur mrèmèn ngobong pategalané
wong liya, sarta ngobong gandum sing
lagi thukul utawa lagi dienèni, wong
sing ngobong-obong mau kudu mbayar
ganti-rugi.
7 Sing sapa gelem nyimpen titipan
dhuwit utawa barang sing pengaji

duwèké wong liya, nanging barang mau
banjur dicolong maling ing omahé, yèn
malingé kecekel, kudu mbayar tikel loro.
8 Nanging yèn malingé ora kecekel,
wong sing nyimpen barang pengaji
mau kudu digawa menyang panggonan
ngibadah lan ana ing kono kudu sumpah
yèn ora nyolong barang titipan mau.
9 Yèn ana cecongkrahan bab barang
sing ilang, upamané sapi, kuldi, wedhus
gèmbèl, sandhangan utawa apa waé,
mangka banjur ketemu, mangka karoné
padha ngaku yèn nduwèni barang mau,
wong-wong mau kudu padha digawa
menyang panggonan ngibadah. Wong
sing ditetepaké salah kudu mbayar tikel
loro marang layananané congkrah.
10 Menawa ana wong ngopèni titipan
kuldi, sapi, wedhus gèmbèl, utawa
kéwané wong liya mangka kéwan mau
banjur mati, tatu utawa dicolong ing
wong, nanging ora ana seksiné,
11 wong kuwi kudu lunga menyang
panggonan ngibadah lan sumpah yèn
ora nyolong kéwan sing dititipaké mau.
Menawa kéwan mau ora dicolong, sing
duwé kudu nrima, déné sing ngopèni ora
prelu mbayar ganti-rugi.

12 Nanging yèn kéwan mau dicolong
dhéwé, sing ngopèni kudu mbayar
ganti-rugi marang sing duwé.
13 Yèn kéwan mau dimangsa kéwan
galak, wong sing ngopèni kudu nuduhaké
bukti marang sing duwé, supaya ora
prelu mbayar ganti-rugi.
14 Yèn ana wong nyilih kéwan, mangka
banjur tatu utawa mati, lan sing duwé
ora ana ing panggonan kono, sing nyilih
kudu mbayar ganti-rugi.
15 Nanging yèn ing wektu mau sing
duwé ana ing kono, sing nyilih ora prelu
mbayar ganti-rugi. Déné yèn kéwan
mau séwan, kabayara nganggo ongkos
séwan."
16 "Sing sapa nuroni prawan sing
durung pacangan, kudu mbayar mas
kawin lan prawan mau dadia bojoné.
17 Nanging yèn bapakné prawan mau
ora ngolèhaké anaké dipèk bojo, wong
lanang mau kudu mbayar marang
bapakné bocah wadon mas kawin
sapantesé.
18 Wong wadon sing nindakaké ngèlmu
sihir, kudu dipatèni.
19 Sing sapa laku jina karo kéwan kudu
dipatèni.

20 Sing sapa sesaji marang allah liyané
Aku, kudu diukum pati.
21 Kowé aja nyia-nyia utawa nindhes
marang wong manca; élinga yèn kowé
biyèn iya padha dadi wong manca ana
ing tanah Mesir.
22 Aja tumindak sewenang-wenang
marang randha utawa bocah lola.
23 Yèn kowé padha tumindak mengkono,
Aku Allah sing bakal nulungi, menawa
wong mau padha sesambat nyuwun
tulung marang Aku.
24 Aku bakal duka sarta matèni kowé
klawan pedhang, temah bojomu dadi
randha, lan anak-anakmu padha lola.
25 Yèn kowé padha ngutangi dhuwit
marang wong miskin umat-Ku, aja kaya
tukang potang sing njaluk anakan.
26 Yèn kowé nganti njupuk jubahé
wong pepadhamu dadi barang gadhèn,
kudu kokbalèkaké sadurungé suruping
srengéngé,
27 awit iya mung kuwi kemulé, iya
mung kuwi sandhangané. Apa sing arep
dienggo kemul samasa turu? Samasa
wong mau sesambat marang Aku
nyuwun tulung, Aku bakal nulungi merga
Aku iki sipat asih mirma.

28 Aja ngala-ala marang Allah, lan aja
ngipat-ipati penggedhéné bangsamu.
29 Aja lali saos pisungsung saka
pametuné gandummu, peresané
anggurmu, lan lenga zaitunmu marang
Aku, ing wektu sing wis ditemtokaké.
Semono uga anakmu lanang kang
pembarep iku saosna marang Aku,
30 semono uga pedhèt lan cempé sing
lair kawitan. Kéwan lanang sing lair
kawitan mau karebèn kumpul karo
biyungé sajroné pitung dina, déné ing
dina kang kaping woluné anaking kéwan
mau saosna marang Aku.
31 Umat-Ku kabèh, dadia wong suci,
aja padha mangan dagingingé kéwan apa
waé, sing matiné merga ditubruk kéwan
galak; dagingé kéwan mau pakakna
asu."

23 1 "Aja nyebar kabar goroh sarta
aja mbiyantu wong kang luput lan
aja gelem awèh paseksèn sing ora nyata.
2 Aja mèlu-mèlu wong akèh nglakoni
piala utawa gawé dhoyongé pengadilan.
3 Aja ngiloni wong miskin sing lagi
diadili.

4 Yèn kowé nemu sapiné utawa kuldiné
mungsuhmu sing ketriwal, ulihna
marang sing duwé.
5 Yèn kuldiné mungsuhmu ambruk awit
kabotan momotan, tulungana nangèkaké
kuldi mau, aja koktégakaké.
6 Aja gawé ruginé wong miskin yèn
wong mau ngajokaké prekarané ing
pengadilan.
7 Aja ndakwa utawa matèni wong sing
ora salah, merga Aku bakal ngukum
sapa waé sing tumindak mengkono.
8 Aja padha nampani besel, sebab besel
kuwi marakaké wong ora weruh marang
kabeneran, sarta ngisruhaké prekarané
wong sing bener.
9 Aja tumindak sewenang-wenang
marang wong manca, kowé wis padha
ngerti kepriyé rasané dadi wong manca,
sebab biyèn kowé iya padha dadi wong
manca ana ing tanah Mesir."
10 "Sajroné nem taun kowé padha kena
nanduri pategalanmu sarta ngundhuhi
pametuné.
11 Nanging ing taun kapitu
palemahanmu aja kokgarap. Sajroning
taun mau aja ngundhuh pametuning
tetuwuhan ing pategalanmu sing thukul

karepé dhéwé, karebèn pametuné
kanggo wong miskin sarta turahané
kanggo kéwan alasan. Sing mengkono
mau iya tindakna tumrap kebon anggur
lan witmu zaitun.
12 Nem dina kowé kudu padha nyambut-
gawé, nanging ing dina kapitu kowé
aja padha nyambut-gawé, supaya para
batur lan wong-wong manca sing padha
nyambut-gawé kanggo kowé, semono
uga kéwan-kéwanmu bisa padha ngaso.
13 Rungokna apa sing wis
Dakngandikakaké marang kowé
kabèh. Aja padha nyenyuwun marang
allah liyané, malah nyebut jenengé waé
ora kena."
14 "Kowé padha nganakna riaya kanggo
ngurmati Aku setaun ping telu.
15 Ing sasi Abib, kowé kudu padha
nganakaké Riaya Pésta Roti Tanpa Ragi,
kaya sing wis Dakdhawuhaké marang
kowé, sebab ing sasi kuwi kowé padha
budhal saka ing tanah Mesir. Aja padha
mangan roti nganggo ragi ing sajroning
riaya sing suwéné pitung dina kuwi. Aja
ana sing séba marang Aku tanpa nggawa
apa-apa.

16 Riaya Panèn iku anakna samasa kowé
padha wiwit ngundhuhi tanduranmu.
Déné Riaya Tarub Godhong anakna ing
pungkasaning taun, sawisé kowé padha
ngundhuhi pametuning kebon anggur
lan kebon woh-wohan.
17 Saben taun samasa nganakaké riaya
telu iki, wong lanang kabèh kudu padha
séba ngibadah marang aku, Allahmu.
18 Yèn kowé padha saos kurban
sembelèhan marang Aku, aja padha
nyaosaké roti nganggo ragi. Gajihing
kéwan sing disaosaké marang Aku
sajroning riaya mau, aja koksimpen
nganti tekan ésuké.
19 Saben taun kowé kudu padha
nggawa pametuning gandummu sing
kawitan menyang Pedalemané Allahmu.
Enggonmu nggodhog daginging cempé
aja nganggo banyu susuné biyungé."
20 "Aku bakal ngutus Malaékat-Ku
ndhisiki lakumu, supaya njaga kowé ana
ing dalan, sarta ngirid lakumu menyang
panggonan sing wis Dakcawisaké,
21 mulané Panjenengané gatèkna sarta
dhawuhé éstokna. Aja padha brontak
marang Panjenengané, merga Aku sing

ngutus, temah kaluputanmu ora bakal diapura.
22 Yèn kowé padha mbangun-turut, sarta nindakaké sakèhing dhawuh-Ku, Aku bakal perang nglawan mungsuhmu kabèh.
23 Malaékat-Ku bakal ndhisiki lakumu sarta ngirid kowé menyang tanahé wong Amori, Hèt, Fèris, Kenaan, Hèwi lan Yébus; bangsa-bangsa mau bakal Daktumpes.
24 Aja padha sujud utawa ngabekti marang allah-allahé sarta aja niru sarak-saraké agamané. Allah-allahé sirnakna sarta cagak-cagak watu sing padha disembah iku rubuhna.
25 Yèn kowé padha ngabekti marang Aku, Pangéran Allahmu, kowé bakal padha Dakberkahi klawan pangan lan ombèn-ombèn, sarta Aku bakal marasaké sakèhing lelaramu.
26 Ing negaramu bakal ora ana wong wadon sing kluron utawa gabug;[i] kowé bakal Dakparingi umur dawa.
27 Bangsa-bangsa sing nglawan marang kowé bakal padha giris marang Aku. Para mungsuhmu bakal Dakgawé kisruh,

---

[i]gabug: mboten gadhah anak.

temah kabèh bakal padha mlayu ninggal
kowé.
28 Mungsuh-mungsuhmu bakal
Dakbuyaraké; wong Hèwi, wong Kenaan
lan wong Hèt bakal Daktundhung, temah
kowé kabèh padha bisa mlebu.
29 Aku ora bakal nundhung wong-wong
mau ing sajroning setaun, supaya tanah
ing kono aja nganti bera, temah cacahé
kéwan galak bakal dadi akèh banget
ngungkuli cacahmu.
30 Enggonmu nundhung wong-wong
mau saka sethithik, nganti cacahmu wis
cukup kanggo ngebaki tanah mau.
31 Watesé negaramu bakal
Dakjembaraké saka Teluk Akaba
nganti tekan Bengawan Éfrat, lan saka
ing Segara Tengah tekan ara-ara samun.
Kowé bakal Dakparingi pangwasa,
mréntah wong-wong ing tanah kono.
Sajroné kowé padha maju ngrebut
tanah mau, kowé kudu padha nundhung
wong-wongé.
32 Aja padha nganakaké prejanjian karo
wong-wong mau utawa karo allah-allahé.
33 Wong-wong mau aja padha olèh
manggon ing tanahmu. Yèn koktogaké
waé, wong-wong mau bakal njalari kowé

padha gawé dosa marang Aku. Yèn
kowé padha nyembah allah-allahé, kowé
mesthi bakal mati."
24 1 Allah ngandika marang Musa,
"Kowé lan Harun, Nadab lan
Abihu, sarta para tuwa-tuwané Israèl
pitung puluh, padha sowana Aku ing
pucak gunung. Padha nyembaha lan
sujuda marang Aku saka kadohan.
2 Ora ana wong siji waé sing kena
nyedhaki Aku kejaba mung kowé dhéwé;
liyané ora kena cedhak-cedhak, malah
para umat ora kena munggah ing
gunung."
3 Musa banjur lunga sarta ngandharaké
marang bangsané sakèhing dhawuh
sarta prenatan sing diparingaké déning
Allah. Para umat padha mangsuli
bebarengan, "Kula badhé ngèstokaken
sedaya pangandikanipun Allah."
4 Musa banjur nulis dhawuhé Allah
mau kabèh. Ésuké, isih umun-umun,
Musa gawé mesbèh nganggo watu rolas
didegaké ing sikiling gunung mau; saben
watu minangka wakiling taler Israèl sing
cacahé rolas.
5 Musa banjur utusan nonoman
sawetara, supaya saos kurban obongan

marang Allah sarta nyembelèh sapi
sawetara kanggo kurban slametan.
6 Musa mundhut getihing kéwan mau,
sing separo diisèkaké ing mangkok-
mangkok; déné separoné dikepyuraké
ing sandhuwuring mesbèh.
7 Musa banjur mundhut kitab prejanjian
sing isi dhawuh-dhawuhé Gusti Allah,
banjur diwaos kanthi sora ing ngareping
bangsa mau. Aturé wong-wong
mau, "Kula badhé ngèstokaken saha
nindakaken dhawuhing Allah sedaya."
8 Musa banjur mundhut getih
ing mangkok-mangkok mau, nuli
dikepyuraké marang para umat.
Tembungé, "Getih iki minangka ecaping
prejanjian antarané Allah karo kowé
kabèh, adhedhasar dhawuh-dhawuh sing
wis dingandikakaké mau."
9 Musa, Harun, Nadab, Abihu lan para
tuwa-tuwané Israèl pitung puluh banjur
padha munggah ing gunung,
10 sarta padha ndeleng Allahé Israèl.
Ancik-anciking sampéyané mèmper
jrambah sesotya adi kang mencorong
biru kaya langit.
11 Allah ora numpes para tuwa-tuwané
Israèl mau senajan wis padha ndeleng

Panjenenganė. Wong-wong banjur padha
mangan lan ngombè bebarengan.
12 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Sowana marang ngarsa-Ku ing pucaking
gunung iki. Aku bakal maringaké papan
watu loro kang wis Dakserati sakèhing
angger-angger, supaya kokwulangna
marang bangsa kuwi."
13 Musa lan Yosua pembantuné padha
tata-tata, nuli munggah ing gunung suci.
14 Pangandikané Musa marang tuwa-
tuwané Israèl, "Ngentènana ing kéné
nganti aku bali. Harun lan Hur uga kèri
karo kowé ana ing kéné. Sing sapa duwé
prekara, sowana marang wong loro kuwi
supaya olèh karampungan."
15 Musa banjur minggah ing Gunung
Sinai, nuli ana méga nutupi gunung
mau.
16 Ana cahya gedhé sumorot mblerengi
mretandhani yèn Gusti Allah tedhak ing
gunung. Tumraping wong Israèl cahya
mau kaya urubing geni ana ing pucak
gunung. Sajroning nem dina gunung
mau katutupan ing méga. Ing dina
kapituné Gusti Allah nimbali Musa saka
ing méga mau.
17 (24:16)

18 Musa banjur minggah mlebu ing
sajroning méga. Enggoné ana ing
dhuwur gunung mau lawasé patang
puluh dina patang puluh bengi.

25

1 Gusti Allah ngandika marang
Musa,
2 "Wong Israèl dhawuhana saos
pisungsung mirunggan kanggo Aku.
Pisungsung mau kudu metu saka
lega-legawaning atiné.
3 Pisungsung mau arupa: emas, slaka
lan tembaga;
4 kain léna alus, kain wol biru, wungu
lan abang, kain sing digawé saka wulu
wedhus,
5 lulang wedhus gèmbèl lanang sing
dipulas abang, lulang alus, kayu akasia,
6 lenga kanggo lampu, bumbon kanggo
lenga jebad lan dupa wangi,
7 watu aji werna-werna kanggo éfod
sing dienggo Imam Agung lan tutup
dhadha.
8 Bangsa kuwi dhawuhana gawé Kémah
kanggo Aku, supaya Aku dedalem ing
tengahing umat.
9 Kémah sarta praboté kudu
digawé manut rancangan sing
bakal Dakdhawuhaké marang kowé."

10 "Gawéa pethi saka kayu akasia sing
dawané 110 sèntimèter, ambané lan
dhuwuré 66 sèntimèter.
11 Ing sisih njaba lan njeroné lapisana
nganggo mas murni sarta wènèhana
plisir mas mubeng.
12 Gawéa gelangan mas papat kanggo
ngusung pethiné, sarta pasangen ing
sikilé papat, saben sisih gelangan loro.
13 Gawéa pikulan saka kayu akasia,
banjur lapisen mas.
14 Pikulan kuwi slobokna ing gelangan
kiwa-tengené pethi mau.
15 Pikulan-pikulan iku kudu tetep ana
ing gelangan, ora kena dicopot.
16 Papan watu loro sing ana tulisané
pepakon-pepakon-Ku sing bakal
Dakparingaké, sèlèhna ing njeroné pethi
mau.
17 Gawéa tutupé pethi mau saka mas
murni, dawané 110 sèntimèter lan
ambané 66 sèntimèter.
18 Gawéa pepethaning kerub loro
nganggo swiwi saka mas tatakan,
19 pasangen ing ndhuwuring pethi mau.
20 Pepethan kerub nganggo swiwi mau
gawénen supaya dadi siji karo tutupé,

padha adhep-adhepan; déné swiwiné
megar nutupi pethiné.
21 Papan watu loro mau sèlèhna
ing njeroné pethi sarta tutupé pethi
tumpangna ing ndhuwuré.
22 Ing kono Aku bakal ngrawuhi kowé,
lan saka ing ndhuwur tutup antarané
pepethan kerub nganggo swiwi mau,
Aku bakal maringaké dhawuh-Ku kanggo
bangsa Israèl."
23 "Gawéa méja saka kayu akasia
dawané 88 sèntimèter, ambané 44
sèntimèter, lan dhuwuré 66 sèntimèter.
24 Lapisana mas murni sarta mubeng
kemput pasangana plisir mas.
25 Gawéa wengkuning méja sing
ambané 7,5 sèntimèter sarta wengku
mau iya wènèhana plisir mas mubeng.
26 Gawéa gelangan saka mas patang iji,
kanggo slobokan pikulan sarta etrapna
ing pojokané papat, sacedhaké wengku
prenahé sikilé.
27 Gelang slobokan pikulan mau kanggo
nggotong méjané.
28 Pikulan mau kudu digawé saka kayu
akasia lan dilapisi mas.
29 Gawéa piring, cangkir, kendhi lan
mangkok sing kena dienggo nyaosaké

anggur. Kabèh mau kudu saka mas
murni.
30 Méja mau kudu disèlèhaké ing
sangareping Pethi Prejanjian, sarta ing
sandhuwuring méja kudu tansah ana roti
saosan suci kagem Aku."
31 "Gawéa pedamaran saka mas murni.
Dhasar sarta adeg-adegé kudu digawé
saka mas; rerenggan awujud kembang,
kudhup lan slagané[j] kudu dadi siji karo
dhasar lan adeg-adegé.
32 Ing adeg-adeg mau kudu ana pangé
nem, saben sisih telung pang.
33 Saben pang mau wènèhana
rerenggan kembang telu karo kudhup
sarta slagané.
34 Adeg-adegé lampu mau wènèhana
rerenggan kembang papat karo kudhup
lan slagané.
35 Ing sangisoring pang telu mau ana
kudhupé siji.
36 Kudhup-kudhup, pang-pang lan
papan lampu mau wujud ukir-ukiran
mas murni siji.
37 Gawéa lampu cacahé pitu ing
pedamaran mau sarta prenahna ing
ndhuwuré, supaya madhangi ngarepé.

---

[j]slaga: sogolan, ,tunas (Bhs. Ind.).

38 Sapit lan tadhahé langes kagawéa
saka mas murni.
39 Pedamaran lan lampu-lampu mau
sarta pirantiné kabèh kagawéa saka mas
murni telung puluh lima kilogram.
40 Pedamaran mau supaya digawé
manut conto sing wis Daktuduhaké
nalika ana ing gunung."
26 1 "Kémah Suci kuwi Palenggahan-
Ku, njeroné kudu kokgawé saka
kain léna alus sepuluh potong, ditenun
nganggo benang biru, wungu lan abang.
Kain mau sulamana gambar kerub
nganggo swiwi.
2 Saben potong ukurané kudu padha,
dawané rolas mèter lan ambané rong
mèter.
3 Kain sing limang potong kudu
disambung dadi siji, mengkono uga sing
limang potong liyané.
4 Gawéa kolongan saka kain biru ing
pucuking bagéan loro mau ing sisih
njaba,
5 sèket kolongan ing bagéan sing siji
lan sèket kolongan ing bagéan sijiné,
adhep-adhepan.

6 Gawéa canthèlan mas sèket iji kanggo
nyambung bagéan loro mau supaya bisa
dadi siji.
7 Gawéa tutup Kémah nganggo kain
sewelas potong saka wulu wedhus.
8 Kain-kain mau ukurané kudu padha,
dawané telulas mèter, ambané rong
mèter.
9 Kain sing limang potong kudu
disambung dadi siji. Sing nem potong
liyané iya disambung dadi siji, semono
uga nem potong liyané menèh kudu
iya disambung dadi siji. Sambungan
sing ping nem kudu ditekuk lan dienggo
nutupi Kémah sisih ngarep.
10 Kolongan sèket iji pasangen ing
pinggiring kain sing siji lan kolongan
sèket iji ing kain liyané.
11 Gawéa canthèlan saka prunggu sèket
iji lan olèhna kolongan mau supaya
rong bagéan mau kena didadèkaké siji
kanggo tutupé Kémah.
12 Déné turahan kain sing setengah
potong kanggo nutupi Kémah sisih
mburi.
13 Turahané kain sing dawané sèket
sèntimèter ing bagéan sing mujur ing

kiwa-tengen iku karebèn nutupi sisihing
Kémah mau.
14 Gawéa tutup Kémah rong iji, sing siji
saka kulit wedhus gèmbèl lanang sing
dipulas abang lan sijiné nganggo kulit
alus kanggo tutupé njaba.
15 Gawéa ragangan Kémah sing ngadeg
jejeg saka kayu akasia.
16 Ragangan mau dawané patang mèter
sarta ambané 66 sèntimèter.
17 Saben ragangan ana purusé kanggo
nggandhèng ragangan siji karo sijiné.
18 Gawéa ragangan rong puluh kanggo
ing sisih Kidul,
19 cagaké ragangan ngisoré nganggo
umpak slaka loro; dadi kabèh ana umpak
patang puluh.
20 Gawéa ragangan rong puluh kanggo
ing sisih Lor,
21 lan umpak slaka patang puluh, saben
ragangan umpaké loro.
22 Ing Kémah mburi sisih Kulon,
mbutuhaké ragangan nem,
23 sarta ragangan loro kanggo ing
pojok.
24 Ragangan-ragangan pojokan mau
saka ngisor tekan ndhuwur kudu
digandhèng dadi siji.

25 Dadiné ana ragangan wolu sarta
umpak slaka nembelas, saben ragangan
umpaké loro.
26 Gawéa balok malang saka kayu
akasia cacahé limalas, lima kanggo
ragangan ing sisih siji,
27 lima kanggo ing sisih sijiné, sarta
lima kanggo bagéan mburi.
28 Balok malang ing tengah, kudu
dipasang ing tengah-tengahé ragangan,
lajuran saka ing pucuk siji tekan ing
pucuk sijiné.
29 Ragangan Kémah sarta balok malang
mau kudu dilapisi mas. Gelangan sing
kanggo nyangga balok kudu digawé saka
mas.
30 Kémah mau adegna ing ndhuwur
gunung manut rancangan sing wis
Daktedahaké marang kowé.
31 Gawéa gordhèn[k] saka kain léna
alus sing ditenun nganggo benang biru,
wungu lan abang. Kain mau sulamana
gambar kerub nganggo swiwi.
32 Kain mau gantungen nganggo
canthèlan mas ing cagak akasia papat
sing dilapisi mas sarta dipasang ing
sandhuwuring umpak slaka.

---

[k] gordhèn: kelir, geber.

33 Gordhèn mau pasangen ing
sangisoring canthèlan-canthèlan ing
payoning Kémah. Pethi Prejanjian sing isi
papan watu loro prenahna ing samburiné
gordhèn. Gordhèn mau minangka
singgetané Sasana Suci[l] lan Sasana
Mahasuci.
34 Tutupé sèlèhna ing sandhuwuring
Pethi Prejanjian.
35 Méja sesaji kudu disèlèhaké ing
sanjabaning Sasana Mahasuci ing sisih
Lor, pedamaran kudu disèlèhaké ing sisih
Kidul sajroning Kémah Suci.
36 Kanggo lawanging Kémah kudu
digawèkaké gordhèn saka kain léna
alus sing ditenun nganggo benang biru,
wungu lan abang, direngga nganggo
sulaman.
37 Kanggo gordhèn mau kudu
digawèkaké cagak lima saka kayu akasia
dilapisi mas, lan diwènèhi canthèlan
mas. Gawéa umpak prunggu lima
kanggo cagak-cagaké."

27 1 "Gawéa mesbèh saka kayu
akasia, wujudé pesagi; dawa
lan ambané padha, yakuwi 2,2 mèter.
Dhuwuré 1,3 mèter.

---

[l]Sasana Suci: panggènanènan suci.

2 Wènèhana sungu ing saben pojok sisih
ndhuwur. Sungu-sungu mau kudu dadi
siji karo mesbèh, sarta dilapisi prunggu.
3 Gawéa wadhah awu, sekop, baki,
garpu lan wadhah geni. Piranti iku mau
kabèh kudu digawé saka prunggu.
4 Gawéa kranjang tembaga, awujud
jala sarta wènèhana gelangan papat ing
pojoké kanggo ngusung.
5 Dhuwuré kranjang mau separoné
dhuwuré mesbèh. Lan dipasanga ing
sangisoring wengkuné.
6 Gawéa pikulan saka kayu akasia sing
dilapisi prunggu,
7 sarta slobokna ing gelangan pikulan
ing sisih mesbèh kanggo ngusung.
8 Mesbèh iku gawénen saka blabag, ing
njero kothong, manut rancangan sing
Dakdhawuhaké marang kowé nalika ana
ing gunung."
9 "Gawéa plataran ing kiwa-tengené
Kémah Palenggahan-Ku sing diwatesi
nganggo gordhèn kain léna alus. Ing
sisih Kidul gordhèn mau dawané 44
mèter,
10 disangga cagak prunggu rong puluh
nganggo umpak prunggu rong puluh;

nganggo canthèlan lan blandar saka
slaka.
11 Gawénen kaya mengkono uga ing
sisih Lor.
12 Ing sisih Kulon gordhèné dawané 22
mèter, nganggo cagak rong puluh sarta
umpak rong puluh.
13 Ing sisih Wétan, sing ana lawangé,
plataran mau ambané 22 mèter.
14 Ing kiwa-tengené lawang kudu ana
gordhèn sing dawané 6,6 mèter nganggo
cagak telu lan umpak telu.
15 (27:14)
16 Kanggo lawangé kudu ana gordhèn
sing dawané sangang mèter saka
kain léna alus sing ditenun nganggo
benang biru, wungu lan abang, sarta
direngga nganggo sulaman. Gordhèn
mau kudu disangga déning cagak papat
sandhuwuring umpak papat.
17 Kabèh cagak sakiwa-tengené lawang
mau digandhèng nganggo gandhèngan
slaka; canthèlané kudu saka slaka lan
umpaké saka prunggu.
18 Pager sakubenging plataran mau
dawané 44 mèter, ambané 22 mèter
sarta dhuwuré 2,2 mèter. Gordhèné

digawé saka kain léna alus sarta umpaké
saka prunggu.
19 Piranti sing dienggo ana ing Kémah,
pathoké lan pageré kabèh digawé saka
prunggu."
20 "Wong Israèl préntahana nggawa
lenga zaitun sing becik dhéwé, kanggo
ngisèni damar-damar ing sajroning
Kémah Palenggahan-Ku supaya disumed
saben bengi.
21 Harun lan anak-anaké kudu padha
nyumed damar-damar mau. Panggonané
pedamaran mau ana ing sanjabané
gordhèn sing nutupi Pethi Prejanjian.
Ing panggonan-Ku, lampuné kudu tetep
murub wiwit surup nganti ésuk. Dhawuh
iki kudu ditindakaké selawas-lawasé
déning wong Israèl lan turun-turuné."

28 1 "Harun kakangmu lan anak-
anaké, yakuwi Nadab, Abihu,
Èléazar lan Itamar, padha undangen.
Wong-wong mau kapisahna saka wong-
wong Israèl, supaya padha ngladèni Aku
dadi imam.
2 Gawéa sandhangan imam kanggo
Harun, sandhangan kaluhuran sing
éndah.

3 Sakèhing tukang jait sing prigel,
sing wis Dakparingi kapinteran padha
klumpukna. Padha préntahana nggawé
sandhangané Harun, sing Dakpiji
ngladèni Aku dadi imam.
4 Wong-wong mau kudu gawé
sandhangan tutup dhadha, éfod, jubah,
klambi sulaman, serban lan sabuk. Iki
kabèh kanggo Harun lan anak-anaké,
kenaa kanggo ngladèni Aku merga
enggoné dadi imam.
5 Sandhangan imam mau kudu padha
digawé saka benang biru, wungu lan
abang, benang emas lan léna alus.
Kejaba kuwi mau éfod kudu direngga
nganggo sulaman.
6 (28:5)
7 Éfod mau ana pundhakané tangkeban
loro, sing kanggo nangkebaké ing kiwa
lan ing tengen.
8 Sabuké tenunan alus digawé saka
bakal sing padha disambung dadi siji
karo éfod.
9 Njupuka watu dlima[m] loro. Golèka
kemasan sing pinter ngukir jenengé
anaké Yakub rolas urut manut umuré

---

[m]watu dlima: bangsanipun akik, rupinipun abrit.

ing watu mau, jeneng nem ing saben
watu siji. Watu aji loro mau banjur
dietrapna ing embanan mas lan
dipasang ing pundhakané éfod kanggo
pengéling-éling marang taleré Israèl
rolas. Srana mengkono, Harun bakal
nggawa jenengé taler rolas mau ing
pundhaké ing ngarsané Allah, supaya
Aku tansah ènget marang umat mau.
10 (28:9)
11 (28:9)
12 (28:9)
13 Kowé gawéa embanan mas loro,
14 lan ranté mas murni loro sing
ditampar kaya tali, ranté mau
gandhèngna karo embananané mas."
15 "Gawéa tutup dhadha kanggo Imam
Agung sing kudu dienggo samasa
arep neges[n] kersané Allah. Bakal lan
sulamané kudu padha karo bakal lan
sulamané éfod.
16 Wujudé pesagi lan ditekuk dadi loro,
amba lan dawané padha, 22 sèntimèter.
17 Akik patang larik mau pasangen
ana ing tutup dhadha mau. Ing larikan
kapisan: watu dlima, topas lan widuri
sepah.

---

[n]neges: miterang, ,kepéngin ngertos.

18 Ing larikan kapindho: zamrud, watu
nilam lan inten.
19 Ing larikan katelu: watu lazuardi,
akik lan watu kecubung.
20 Ing larikan kapat: watu pirus, yakut
lan cempaka retna. Akik rolas mau kudu
dipasang ing embanan mas.
21 Watu-watu adi mau ukiren jeneng-
jenengé anaké Yakub rolas, minangka
wakiling taler-taleré Israèl.
22 Tutup dhadha kuwi wènèhana ranté
mas murni, sing ditampar kaya tali.
23 Gawéa ali-ali mas loro lan pasangen
ing pojok-pojok sisih ndhuwur tutup
dhadha mau,
24 lan ranté mas loro iku lebokna ing
ali-ali loro mau.
25 Pucuking ranté loro mau kudu
ditalèkaké ing embanan loro. Srana
mengkono tutup dhadha sisih ngarep
mau digandhèng karo pundhakané éfod.
26 Gawéa ali-ali mas loro, banjur
pasangen ing tutup dhadha pojok ngisor
sisih njero sing temumpang ing éfod.
27 Gawéa ali-ali mas menèh loro
sarta pasangen ing pundhakané éfod,
sekaroné ing sisih ngarep rada ngisor

cedhak tekukan jaitan, sandhuwuring
sabuk tenunan alus.
28 Ali-ali tutup dhadha kuwi kudu
diolèhaké ali-aliné éfod nganggo tali
biru. Mulané tutup dhadha mau bakal
tetep ana ing sandhuwuring sabuk lan
ora bisa kapisah karo éfodé.
29 Yèn Harun mlebu ing Papan Suci,
kudu nganggo tutup dhadha sing wis
direngga ukiran jenengé klompok-
klompoké Israèl, supaya Aku, Allah,
tansah ènget marang umat-Ku.
30 Ing tutup dhadha pasangana Urim lan
Tumim supaya dienggo Harun samasa
sowan marang Aku. Enggoné kudu
tansah nganggo tutup dhadha kuwi
supaya bisa nyumurupi putusan-Ku
tumrap wong Israèl."
31 "Karo menèh gawéa jubah sing
nutupi éfod, kagawéa saka tenunan
benang biru.
32 Bedhahan guluné diwènèhana
pinggiran sing ditenun, supaya kuwat lan
ora gampang suwèk.
33 Plipitan ing ngisor kudu diwènèhi
rerenggan rupa woh dlima saka benang
biru, wungu lan abang, diselang-seling
nganggo klinthingan mas.

34 (28:33)
35 Jubah mau kudu dienggo Harun
samasa tugas. Preluné samasa sowan
Aku ing Pasucèn utawa lunga saka
Papan Suci kono, klinthingan mau bakal
keprungu, supaya Harun ora nemahi
mati.
36 Gawéa rerenggan mas murni sing
diukir nganggo tembung-tembung
‘Sengkerané Allah’.
37 Kuwi talèkna ing serban nganggo tali
biru.
38 Harun kudu masang rerenggan mas
mau ing bathuké, supaya Aku, Allah,
kersa nampa sakèhing pisungsung sing
digawa déning wong Israèl marang Aku,
senajan patrapé ngaturaké pisungsung
mau ana kekuranganè.
39 Klambiné Harun kudu ditenun saka
kain léna alus. Iya gawéa serban saka
kain léna alus sarta sabuk sing disulam.
40 Gawé klambi, sabuk lan kopyah
kanggo anak-anaké Harun supaya padha
katon luhur lan éndah.
41 Sandhangan mau enggokna Harun
kakangmu sarta anak-anaké. Padha
jebadana, wisudhanen lan sucèkna;
srana mengkono wong-wong mau

diresmèkaké sarta disucèkaké kanggo
ngladèni Aku dadi imam.
42 Gawéa clana cendhak saka kain léna
kanggo wong-wong mau, déné dawané
saka bangkèkan tekan pupu kanggo
nutupi kawirangané.
43 Harun lan anak-anaké samasa mlebu
ing Kémah Palenggahan-Ku utawa
nyedhaki mesbèh ngimami ing Pasucèn
kudu nganggo sandhangan kuwi. Yèn
mengkono ora bakal padha mati krana
saka katon kawirangané. Prenatan iki
tetep kanggo Harun lan para turuné."

29 1 "Mengkéné patrapé netepaké
Harun lan anak-anaké ing
kalungguhan imam, supaya bisa
ngladèni Aku dadi imam. Njupuka sapi
lanang sing isih nom lan wedhus gèmbèl
lanang loro sing tanpa cacad.
2 Gawéa adonan saka glepung gandum
sing becik dhéwé tanpa ragi. Sebagéan
dadèkna roti nganggo lenga zaitun,
sebagéan tanpa lenga, lan turahané
gawénen roti kéringan sing dilèlèti lenga.
3 Pisungsung mau wadhahana ing
wakul, saosna marang Aku, bareng karo
kurban sapi lanang lan wedhus gèmbèl
lanang loro.

4 Harun lan anak-anaké padha
préntahana teka ing lawanging Kémah
Palenggahan-Ku sarta adus manut
prenataning agama.
5 Sandhanganing imam enggokna
Harun: klambi, éfod, jubah sing nutupi
éfod, tutup dhadha lan sabuk.
6 Serbané etrapna ing sirahé lan
enggonana jamang suci sing ana ukirané
‘Sesengkerané Allah’.
7 Banjur njupuka lenga jebad, esokna
ing sirahé.
8 Anak-anaké kumpulna lan enggonana
klambiné,
9 bangkèkané sabukana sarta kopyahé
etrapna ing sirahé. Iya mengkono kuwi
patrapé enggonmu netepaké Harun lan
anak-anaké ing kalenggahan imam.
Wong-wong mau lan turuné kudu
ngladèni Aku dadi imam ing selawasé.
10 Sapi lanang mau banjur kudu
kokgawa ing ngareping Kémah
Palenggahan-Ku. Harun lan anak-
anaké padha numpangna tangané ing
endhasing sapi.
11 Sapi lanang mau kudu disembelèh
ing kono, ing ngarsa-Ku ing lawanging
Kémah.

12 Getihé jupuken sethithik, banjur
lèlètna nganggo drijimu ing sungu-
sunguning mesbèh; turahané siramna
ing mesbèh sisih ngisor.
13 Gajih sing ana ing wetengé kudu
kokjupuk kabèh; atiné lan ginjelé loro
apa déné gajihé sing nèmplèk; banjur
obongen ing sandhuwuring mesbèh
minangka pisungsung kagem Aku.
14 Daging, kulit lan ususé kudu diobong
ing sanjabaning Kémah. Iku kurban
kanggo nebus dosané para imam.
15 Banjur njupuka wedhus gèmbèl
lanang mau salah siji. Harun lan
anak-anaké numpangna tangané ing
endhasing kéwan mau.
16 Banjur sembelèhen, getihé jupuken
sarta epyurna ing mesbèh mau patang
sisih.
17 Wedhus gèmbèl lanang mau kudu
dikethok-kethok. Isining weteng lan
sampilé mburi kudu dikumbah sarta
diwor karo endhas lan kethokan liyané.
18 Wedhus gèmbèl lanang mau obongen
ing sandhuwuring mesbèh minangka
kurban obongan. Gandané kurban mau
gawé renaning penggalih-Ku.

19 Wedhusé gèmbèl liyané jupuken
kanggo pisungsung. Harun lan
anak-anaké numpangna tangané ing
endhasing kéwan mau.
20 Banjur sembelèhen, getihé jupuken
sethithik sarta lèlètna ing kupingé
Harun lan anak-anaké, ing jempolé
tangan tengen lan jempolé sikil tengen.
Turahané getih mau kudu koksiramaké
ing mesbèh patang sisih.
21 Getihé sing ana ing sandhuwuring
mesbèh jupuken sethithik lan lenga
kanggo upacara sethithik, banjur
epyurna marang Harun lan anak-
anaké sarta ing sandhangané. Srana
mengkono Harun lan anak-anaké sarta
sandhangané disucèkaké kagem Aku.
22 Gajihing wedhus gèmbèl lanang mau
jupuken, semono uga buntuté sing ana
gajihé, lapisan gajih ing njero wetengé,
bagéaning ati sing becik, ginjel loro karo
gajihé sarta pupuné tengen.
23 Njupuka saka wakul, roti sing wis
disaosaké marang Aku, siji sing diolah
nganggo lenga zaitun, siji sing digawé
tanpa lenga, lan siji roti gèpèng.

[24] Panganan mau kabèh sèlèhna ing èpèk-èpèké Harun lan anak-anaké, dadi pisungsung goyangan marang Aku.

[25] Roti-roti mau banjur jupuken sarta obongen ing sandhuwuring kurban obongan, dadi kurban dhaharan kagem Aku. Gandaning kurban mau gawé renaning penggalih-Ku.

[26] Dhadhané wedhus gèmbèl lanang mau jupuken lan saosna marang Aku minangka kurban goyangan; iku dadia pandumanmu.

[27] Ing sajroné upacara netepaké imam, dhadha lan pupuné wedhus lanang sing dienggo upacara mau kudu dipisungsungaké marang Aku minangka kurban goyangan lan disisihaké kanggo para imam.

[28] Prenatan-Ku iki ora kena diowahi, yaiku samasa umat-Ku misungsungaké kurban keslametan, dhadha lan pupuné kéwan mau dadia bagiané para imam. Yakuwi pisungsungé umat-Ku marang Aku, Pangéran Allahé.

[29] Yèn Harun tilar-donya sandhangan sing suci mau kudu diwarisaké marang anak-putuné, supaya dienggo samasa ditetepaké.

30 Anaké Harun sing ngganti bapakné
dadi imam lan mlebu ing Kémah
Palenggahan-Ku prelu leladi ing Sasana
Suci, kudu nganggo sandhangan mau
suwéné pitung dina.
31 Njupuka dagingé wedhus gèmbèl
lanang sing dienggo sajroning upacara
ngresmèkaké Harun lan anak-anaké;
daging mau banjur masaken ing
panggonan kang suci.
32 Daging mau kudu padha dipangan
bebarengan karo turahan roti ing
kranjang.
33 Wong-wong mau kudu padha
mangan panganan sing dipisungsungaké
sajroning upacara pangruwating dosa
samasa padha ditetepaké. Mung imam
sing kena mangan panganan mau, awit
wis disaosaké marang Aku.
34 Yèn ésuké isih ana turahan daging
utawa roti, pangan mau kudu diobong
nganti entèk, ora kena dipangan, awit
wis disucèkaké.
35 Upacara netepaké Harun lan anak-
anaké ing kalungguhan imam kudu
ditindakaké ing sajroning pitung dina,
manut apa sing wis Dakdhawuhaké
marang kowé.

36 Saben dina kudu saos kurban sapi
lanang siji minangka pangruwating dosa,
kanggo nganakaké pirukunan. Srana
kurban mau mesbèh bakal disucèkaké.
Mesbèh mau banjur kudu kokjebadi
nganggo lenga zaitun, disucèkaké kagem
Aku.
37 Pirukunan mengkono mau tindakna
lawasé pitung dina. Srana mengkono
mesbèh mau kasucèkaké babar-pisan.
Sapa waé utawa apa waé sing nyénggol,
bakal dadi suci, awit saka dayaning
kasucèné."
38 "Saben dina kudu dikurbanaké ing
sandhuwuring mesbèh, wedhus gèmbèl
loro sing umuré setaun.
39 Sing siji kanggo pisungsung ing
wayah ésuk, sijiné kanggo ing wayah
soré.
40 Bebarengan karo wedhus sing dhisik,
kudu dipisungsungaké glepung gandum
sakilogram dicampur karo lenga zaitun
murni seliter. Pisungsungna uga anggur
seliter.
41 Cempé wedhus gèmbèl sing kapindho
dipisungsungaké ing wayah soré
bebarengan karo glepung sakilogram,
lenga zaitun seliter sarta anggur seliter.

Yaiku kurban dhaharan kagem Aku, lan
gandané gawé renaning penggalih-Ku,
Pangéran Allahmu.
42 Sebanjuré kanggo ing selawasé
kurban obongan mau disaosaké ing
ngarsa-Ku ing lawanging Kémah
Palenggahan-Ku. Ing kono Aku bakal
manggihi umat-Ku sarta ngandika
marang kowé.
43 Aku bakal ketemu karo bangsa Israèl,
lan kamulyan-Ku bakal nucèkaké papan
iku.
44 Aku bakal nucèkaké Kémah lan
mesbèh mau. Harun lan anak-anaké
Dakpiji, supaya wong-wong mau
ngladèni Aku dadi imam.
45 Aku bakal dedalem ana ing tengahé
bangsa Israèl, sarta jumeneng dadi
Allahé.
46 Wong-wong mau bakal padha ngerti
yèn Aku Allahé, sing ngirid dhèwèké
metu saka ing tanah Mesir; supaya
Aku bisa dedalem ana ing tengahé; lan
jumeneng dadi Allahé wong-wong mau."
30 1 Dawuhé Gusti Allah menèh
marang Musa, "Gawéa mesbèh
saka kayu akasia kanggo ngobong dupa.

2 Wujudé pesagi, amba lan dawané
padha 45 sèntimèter, sarta dhuwuré
90 sèntimèter. Sungu-sungu ing pojok
papat dadi siji karo mesbèh mau.
3 Ing sisih ndhuwur, pinggiran mubeng
lan sungu-sunguné kudu dilapis nganggo
mas murni, sarta wènèhana wengku mas
mubeng.
4 Gawéa gelangan pikulan loro,
pasangen ing sangisoring wengku
kiwa-tengen kanggo nylobokaké pikulan
samasa mesbèhé dipikul.
5 Pikulan mau kudu digawé saka kayu
akasia sarta dilapis mas.
6 Mesbèh kuwi sèlèhna ing sanjabaning
gordhèn sing ana ing sangareping Pethi
Prejanjian. Ing panggonan kono Aku
bakal manggihi kowé.
7 Saben ésuk samasa Harun teka
arep ngresiki damar-damar, kudu
ngobong dupa sing gandané arum ing
sandhuwuring mesbèh mau.
8 Mengkono uga samasa arep nyumed
damar-damar ing wayah surup.
Pangobongé dupa iku kudu ajeg
ditindakaké ing selawasé.
9 Aja nyaosaké dupa liyané ing mesbèh
iki. Iya aja nyaosaké kurban obaran

utawa kurban dhaharan, mengkono
uga aja ngesokaké kurban unjukan ing
sandhuwuring mesbèh iki.
10 Setaun sepisan Harun kudu
nindakaké upacara nucèkaké mesbèh
srana ngepyuri sungu papat mau
nganggo getihing kéwan sing
dikurbanaké kanggo pangruwating
dosa. Prekara iki kudu ajeg ditindakaké
setaun sepisan. Mesbèh iki selawasé
kudu suci sarta dicawisaké kagem Aku,
Pangéran Allahmu."
11 Gusti Allah ngandika marang Musa,
12 "Samasa ngétung bangsa Israèl,
saben wong kudu mbayar marang Aku
dhuwit tebusané nyawané, supaya
sajroné padha dicacahaké ora kena ing
wewelak.
13 Sapa waé sing diétung mau kudu
mbayar dhuwit manut katemtuaning
rega. Dhuwit mau kudu dibayar dadi
pisungsung kagem Aku.
14 Sing diétung yakuwi saben wong sing
wis umur rong puluh taun utawa luwih;
wong iku sing kudu mbayar dhuwit mau.
15 Wong sugih ora kena mbayar luwih
saka semono, déné wong miskin ora
kena mbayar kurang.

16 Dhuwit saka wong-wong Israèl mau
klumpukna, enggonen miyara Kémah
Palenggahan-Ku. Pajeg iki kanggo
tebusané nyawané, sarta Aku bakal
tansah ènget lan ngayomi wong-wong
mau."
17 Pangandikané Allah marang Musa,
18 "Gawéa padasan saka prunggu,
dhasaré iya saka prunggu. Bak mau
prenahna ing antarané Kémah lan
mesbèh, banjur isènana banyu.
19 Banyu mau kanggo Harun lan
anak-anaké supaya padha nindakaké
upacara sesuci,
20 sadurungé padha mlebu ing Kémah
utawa nyedhaki mesbèh prelu saos
kurban dhaharan. Wong-wong mau
wajib wisuh tangan lan sikil dhisik,
supaya ora padha mati. Prenatan iki
kudu ditindakaké déning Harun lan
anak-turuné ing selawasé."
21 (30:20)
22 Gusti Allah ngandika marang Musa,
23 "Njupuka bumbu-bumbu sing becik
dhéwé, blendok mur nem kilogram, kayu
manis telung kilogram, tebu arum telung
kilogram,

24 sarta kayu téja nem kilogram, kabèh
ditimbang manut timbangan sing resmi.
Tambahana lenga zaitun patang liter,
25 lan gawéa lenga upacara, sing
dicampur kaya lenga jebad.
26 Campuran mau enggonen njebadi
Kémah Palenggahan-Ku, Pethi
Prejanjian,
27 méja lan sapirantiné kabèh,
pedamaran lan pirantiné, mesbèh
kanggo ngobong dupa,
28 mesbèh kanggo kurban obongan lan
sapirantiné kabèh, sarta padasan lan
dhasaré.
29 Barang-barang mau dhèwèkna
kagem Aku; srana patrap mengkono
kabèh dadi suci. Sapa waé sarta apa
waé sing nyénggol bakal nemahi cilaka
merga dayaning kasucèné.
30 Sawisé kuwi Harun lan anak-anaké
jebadana sarta tetepna dadi imam
ngladèni Aku.
31 Kandhakna marang bangsa Israèl,
Lenga jebad iku sebanjuré mung kudu
dienggo sajroning leladi marang Aku.
32 Lenga mau ora kena dienggo
wong-wong lumrah, sarta kowé kabèh
padha ora kena nganggo bumbu-bumbu

kaya mengkono mau. Lenga kuwi suci,
lan kowé kabèh kudu padha nganggep
suci.
33 Sapa waé sing gawé lenga kaya
mengkono mau, utawa nganggo kanggo
sapa waé sing dudu imam, bakal ora
Dakanggep dadi umat-Ku.’"
34 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Njupuka bumbu-bumbu iki akèhé padha
blendok mur, kulit lokan,[o] blendok
rasamala sarta menyan tulèn.
35 Kabèh mau enggonen gawé dupa,
kacampur kaya lenga jebad. Tambahana
uyah supaya tetep murni lan suci.
36 Dupa mau salong dheploken nganti
alus. Gawanen ing Kémah Palenggahan-
Ku lan sawurna ing sangareping Pethi
Prejanjian. Dupa mau anggepen barang
sing suci banget, sing disedhiyakaké
mung kagem Aku dhéwé. Aja ana sing
gawé campuran kaya mengkono mau
kanggo awaké dhéwé.
37 (30:36)

---

[o]kulit lokan: bangsanipun kécé utawi kéyong, gesang wonten ing toya tawa utawi toya asin (seganten).

38 Sapa waé sing gawé campuran kaya
mengkono, bakal ora Dakanggep dadi
umat-Ku."
31 1 Pangandikané Allah marang
Musa,
2 "Aku wis milih Bézaleèl, anaké Uri,
putuné Hur saka klompok Yéhuda,
3 sarta wis Dakpenuhi Roh-Ku. Aku
wis maringi pikiran, kapinteran lan
kaprigelan bab sakèhing pegawéan sing
pèni,
4 kanggo gawé rancangan sing
mbutuhaké kaprigelan ing bab dandanan
saka mas, slaka lan prunggu;
5 ngasah akik sing bakal diukir; ngukir-
ukir kayu lan pegawéan-pegawéan
liyané.
6 Aku iya wis milih Aholiab, anaké
Ahisamakh saka klompok Dhan, kanggo
mbantu Bézaleèl. Para tukang sing prigel
wis Dakparingi keahlian supaya bisa
gawé apa waé sing Dakdhawuhaké.
7 Yakuwi gawé Kémah Palenggahané
Allah, Pethi Prejanjian lan tutupé,
sakèhing prabot Kémah,
8 méja lan pirantiné, pedamaran saka
mas murni sarta pirantiné, mesbèh
kanggo ngobong dupa,

9 mesbèh kanggo kurban obongan lan
sakèhing pirantiné. Padasan nganggo
dhasar kanggo wisuh.
10 Sandhangan dhines kanggo para
imam, lan penganggo kaimaman kanggo
Harun lan anak-anaké, sing kudu
dienggo samasa nindakaké tugasé,
11 lenga jebad, lan dupa wangi kanggo
ing Sasana Suci. Kabèh mau kudu
digawé cocog karo pituduh sing wis
Dakparingaké marang kowé."
12 Gusti Allah ndhawuhi Musa,
13 supaya ngandhakaké marang bangsa
Israèl, "Padha netepana prenatané
dina-dina Sabbat, dina sing Daktetepaké
dadi dina kanggo ngaso. Selawasé dina
kuwi dadia tandha prejanjian-Ku karo
kowé kabèh, sing mretandhani yèn Aku,
Allah, wis nimbali kowé kabèh dadi
umat-Ku dhéwé.
14 Dina kanggo ngaso mau kudu
koktetepi, sebab dina iku suci. Kowé
kabèh sajroné nem dina kadhawuhan
nyambut-gawé, nanging dina kapitu,
kuwi dina gedhé sing kudu koksucèkaké
kagem Aku. Sing sapa ora netepi, lan
nyambut-gawé ing dina kuwi, kudu
diukum pati.

15 (31:14)
16 Bangsa Israèl kudu netepi lan
nganggep dina mau dadi tandhané
prejanjian.
17 Dina iku dadia pepènget ing selawasé
antarané bangsa Israèl lan Aku, merga
Aku, Allah, wis nitahaké langit lan bumi
ing sajroné nem dina, lan ing dina kapitu
Aku lèrèn lan ngaso."
18 Bareng wis rampung enggoné
ngandika marang Musa ing Gunung
Sinai, Allah banjur maringaké papan
watu loro sing wis katulisan dhawuh-
dhawuhé Allah ngagem astané
piyambak.
32 1 Nalika bangsa Israèl ngerti
yèn Musa suwé ora mandhap-
mandhap saka ing gunung, banjur padha
ngumpul sowan Harun, aturé, "Kita
mboten sami sumerep kawontenanipun
Musa, tiyang ingkang sampun ngirid
kita medal saking tanah Mesir. Mila
mangga kula panjenengan damelaken
allah ingkang saged ngirid kita."
2 Harun banjur ngandika marang
wong-wong mau, "Anting-anting emas
sing dienggo bojo lan anak-anakmu
copoten lan gawanen mréné."

3 Wong-wong mau banjur padha nyopot
anting-antingé emas sing dienggo bojo
lan anak-anaké diaturaké marang Harun.
4 Harun nampèni anting-anting mau,
dilebur lan diiling ing cithakan, dadi reca
sapi. Bangsa mau padha ngucap, "Hé
Israèl, iki allah kita sing ngirid kita metu
saka ing tanah Mesir!"
5 Harun banjur yasa mesbèh ing
sangareping sapi emas mau lan
ngandika, "Sésuk kita padha pésta
kanggo ngurmati Allah."
6 Ésuké, isih umun-umun, wong-
wong Israèl padha nggawa kéwan
kanggo kurban obongan lan kurban
slametan. Wong-wong mau padha pésta
gedhèn, mangan lan ngombé sarta
seneng-seneng.
7 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa, "Énggal mudhuna, sebab
bangsamu sing kokirid metu saka ing
tanah Mesir kuwi wis padha gawé dosa
lan nampik marang Aku.
8 Wong-wong kuwi wis nyimpang saka
dalan sing Daktedahaké. Wong-wong
padha gawé sapi saka emas cor-coran,
disembah sarta disajèni. Pangucapé

wong-wong mau, ‘Yakuwi allah sing
ngirid kita metu saka ing tanah Mesir.’
9 Aku mirsa yèn wong-wong mau padha
wangkot atiné.
10 Saiki Aku aja kokpenggak. Aku duka
marang wong-wong mau sarta bakal
Daktumpes. Kowé sarta turunmu bakal
Dakdadèkaké bangsa sing gedhé."
11 Nanging Musa ngaturaké panyuwun
marang Gusti Allah, aturé, "Gusti,
kénging menapa Gusti dados duka
sanget dhateng bangsa menika? Paduka
sampun milujengaken bangsa menika
saking Mesir kanthi pangwasa saha
kekiyatan ingkang ageng!
12 Menawi Paduka numpes tiyang-tiyang
menika, tiyang Mesir badhé sami mungel
bilih Gusti Allah sampun ngirid bangsa
menika medal saking tanah Mesir,
mergi badhé mejahi tiyang-tiyang
menika ing paredèn sarta numpes
tiyang-tiyang menika babar-pisan. Gusti
sampun ngantos kelajeng duka, kersaa
menggalih malih, sarta sampun ngantos
ndhawahaken wewelak dhateng bangsa
menika.
13 Kersaa ènget dhateng leluhur kawula
Abraham, Iskak lan Yakub. Kersaa

ngèngeti bilih Paduka sampun janji
kanthi supaos dhateng tiyang-tiyang
menika, badhé maringi turun kathahipun
kados lintang ing langit, mekaten ugi
bilih tanah ingkang sampun Paduka
janjèkaken menika badhé dados
warisané turunipun ing selaminipun."
14 Gusti Allah banjur ora nglajengaké
kersané lan ora ndawahaké wewelak
marang bangsa mau.
15 Musa banjur mandhap saka ing
gunung karo ngasta papan watu sing
ditulisi dhawuh-dhawuhé Allah rong
sisih.
16 Gusti Allah piyambak sing damel
papan watu mau sarta ngukir dhawuh-
dhawuhé ing kono.
17 Nalika mandhap, Yosua krungu
wong-wong Israèl padha surak-surak,
banjur matur marang Musa, "Kula
mireng surak-suraking perang ing
panggènan kémah."
18 Pangandikané Musa, "Iku dudu
suraké perang utawa panjerité wong
kalah; kaé swarané wong menyanyi."
19 Bareng Musa wis rada cedhak karo
panggonan kémah mau, banjur pirsa
sapi mas, déné wong-wong padha

jejogèdan, mula Musa banjur muntab
duka banget. Ana ing sikiling gunung
kono papan watu sing diasta nuli
dibanting temah pecah.
20 Musa banjur mundut sapi gawéané
wong-wong Israèl mau, nuli diejur-ejur
nganti lembut, diudheg ing banyu,
banjur dikon ngombè wong-wong Israèl.
21 Pangucapé marang Harun, "Kowé
dikapakaké déning wong-wong iku,
kokkowé ngolèhaké wong-wong padha
gawé dosa semono gedhéné?"
22 Wangsulané Harun, "Sampun duka
dhateng kula. Tiyang-tiyang menika
adreng sanget enggènipun tumindak
duraka.
23 Sami wicanten mekaten, ‘Kita mboten
sumerep kadospundi kawontenanipun
Musa, tiyang ingkang sampun ngirid
kita medal saking tanah Mesir; dados
mangga kula panjenengan damelaken
allah ingkang saged ngirid kita.’
24 Kula lajeng akèn tiyang-tiyang
menika masrahaken mas-masanipun
dhateng kula. Anggèn-anggèn menika
lajeng kula lebur dados lembu menika!"
25 Musa pirsa yèn Harun sing ngeculaké
bangsa Israèl kaya déné jaran kang

mbedhal metu saka ing gedhogané, temah dadi poyokané para satruné.
26 Musa banjur jumeneng ing sangarepé gapuraning palereban sarta ngandika klawan sora, "Saben wong sing ngabekti marang Allah majua mréné!" Klompok Lèwi banjur padha teka nyedhaki Musa.
27 Pangandikané Musa marang wong-wong mau, "Gusti Allah dhawuh supaya kowé kabèh padha ngunusa pedhangmu, mlakua ngliwati kémah-kémah iki, wiwit saka gapura iki tekan ing gapura kana sarta matènana sedulur-sedulurmu, kanca-kancamu lan tangga-tanggamu."
28 Klompok Lèwi nindakaké dhawuh mau lan ing dina kuwi kira-kira ana wong telung èwu sing dipatèni.
29 Pangandikané Musa marang klompok Lèwi, "Wiwit dina iki kowé wis padha misungsungaké awakmu dhéwé lumadi marang Allah, srana enggonmu padha matèni anak-anakmu lanang lan sedulur-sedulurmu. Mulané Gusti Allah bakal mberkahi kowé kabèh."
30 Ésuké Musa ngandika karo bangsa mau, "Kowé kabèh wis nglakoni dosa gedhé. Déné saiki aku arep munggah gunung menèh sarta sowan

marang Allah; muga-muga kowé padha
kaparingan pangapura."
31 Musa banjur minggah menèh sowan
ing ngarsané Allah lan matur, "Bangsa
menika sampun nglampahi dosa ingkang
ageng. Tiyang-tiyang menika sami damel
allah mas, lajeng dipun sembah.
32 Mugi Gusti kersa ngapunten
dosanipun; menawi mboten, nama
kawula mugi Paduka icali kémawon
saking Kitab ingkang sampun Paduka
serati nama-namanipun umat Paduka."
33 Pangandikané Allah, "Wong-wong
kang gawé dosa marang Aku iku jenengé
bakal Dakbusak saka ing Kitab-Ku.
34 Saiki lungaa, sarta wong-wong kuwi
iriden menyang panggonan kang wis
Dakdhawuhaké marang kowé. Élinga,
yèn Malaékat-Ku bakal ngirid lakumu
ana ing ngarep, nanging bakal tekan
wektuné bangsa iki Dakukum merga
saka dosa-dosané."
35 Allah banjur ndhatengaké wewelak
marang wong-wong Israèl kang padha
meksa Harun gawé sapi mas mau.

33 1 Gusti Allah banjur ngandika
marang Musa, "Kowé lan
bangsamu sing kokirid saka ing tanah

Mesir, kudu lunga saka panggonan iki menyang negara sing wis Dakjanjèkaké marang Abraham, Iskak lan Yakub sarta turuné.
2 Aku bakal ngutus Malaékat siji ngirid kowé kabèh, sarta Aku bakal nundhung wong Kenaan, Amori, Hèt, Fèris, Hèwi lan Yébus.
3 Kowé bakal lunga menyang negara sugih lan subur. Nanging Aku dhéwé bakal ora mbarengi lakumu, supaya kowé ora Daktumpes ana ing dalan, awit kowé kuwi bangsa sing wangkot atiné."
4 Sawisé bangsa mau krungu pangandikané Allah, banjur padha susah atiné. Gusti Allah dhawuh marang Musa supaya ngandhakaké marang wong-wong mau, dhawuhé, "Kowé kuwi bangsa sing wangkot atiné. Saupama Aku mbarengi kowé, senajan mung sedhéla waé, bisa uga Aku bakal numpes kowé kabèh. Anggon-anggonmu mas copoten lan Aku bakal menggalih apa kang bakal Daktindakaké marang kowé." Dadi, wiwit saka ing Gunung Sinai, bangsa Israèl ora nganggo rerenggan mas menèh.
5 (33:4)

6 (33:4)
7 Musa mendhet Kémah Suci sarta
diedegaké rada adoh saka ing
panggonan kémah-kémah liyané. Kémah
mau diarani Kémah Palenggahané Allah,
sarta sapa waé sing kepéngin nyuwun
pitedahé Allah, padha mrono.
8 Yèn Musa lunga menyang Kémah
mau, wong-wong padha ngadeg ana
ing sangareping lawangé kémahé
dhéwé-dhéwé sarta ndelengaké Musa
nganti mlebet.
9 Sawisé Musa mlebet, tugu méga
banjur mudhun manggon ing lawanging
Kémah Palenggahané Allah. Saka méga
mau Gusti Allah ngandikan karo Musa.
10 Nalika wong-wong padha weruh tugu
méga ing lawanging Kémah, banjur
padha sujud.
11 Gusti Allah enggoné ngandikan
karo Musa adhep-adhepan, kaya wong
omong-omong karo kancané. Musa
banjur bali menyang kémahé. Nanging
Yosua anaké Nun, pembantuné Musa
sing isih enom, tetep ana ing sajroning
Kémah mau.
12 Ing sawijining dina Musa matur
marang Allah, "Gusti, Paduka sampun

ndhawuhi kawula ngirid bangsa menika
dhateng negari ingkang sampun Paduka
janjèkaken menika, nanging Paduka
mboten ngandikakaken sinten ingkang
badhé Paduka utus nyarengi lampah
kawula. Paduka sampun ngandika, bilih
Paduka sampun pirsa dhateng kawula
saha kawula pikantuk sih mirma ing
ngarsa Paduka.
13 Menawi mekaten, mugi Paduka
kersa ngandikakaken pangrèh paduka,
supados kawula saged ngladosi karsa
Paduka saha damel renaning penggalih
Paduka. Mugi Paduka ènget bilih Paduka
sampun milih bangsa menika dados
umat kagungan Paduka piyambak."
14 Pangandikané Allah, "Aku dhéwé
sing bakal ngirid lakumu sarta maringi
kemenangan marang kowé."
15 Aturé Musa, "Menawi paduka
piyambak mboten nyarengi lampah
kawula, kawula sampun ngantos Paduka
dhawuhi késah bidhal saking panggènan
menika.
16 Kadospundi enggèn kawula sumerep,
bilih kawula sampun tampi sih-mirma
wonten ing ngarsa Paduka, menawi
Paduka mboten ngirid kawula?

Wontenipun Paduka ing tengah-tengah
kawula sedaya badhé mbédakaken
kawula kaliyan bangsa-bangsa
sanèsipun ing bumi menika."
17 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Panyuwunmu bakal Daksembadani,
awit Aku wis wanuh karo kowé sarta
rena marang kowé."
18 Musa banjur nyuwun, "Paduka mugi
kersa ngetingalaken kamulyan Paduka
dhateng kawula."
19 Pangandikané Gusti Allah, "Sajroné
Aku ngucapaké asma-Ku kang suci,
Aku bakal tindak ing ngarepmu kanthi
kaluhuran-Ku. Aku iki Allah, lan
Aku bakal nedahaké kamirahan lan
kawelasan-Ku marang wong-wong sing
Dakpilih.
20 Wedana-Ku ora bakal Daktedahaké
marang kowé, sebab ora ana wong siji
waé sing weruh Allah lan lestari urip.
21 Ing sisih-Ku iki ana watu karang, lan
ing kono kowé bisa ngadeg.
22 Yèn ana cahya sumorot kuwi
tandha yèn Aku langkung; kowé bakal
Daklebokaké ing sela-selaning watu
karang sarta Daktutupi ngagem asta-Ku
nganti Aku wis langkung.

23 Nuli Aku bakal nyingkiraké asta-Ku
temah kowé bakal bisa ndeleng Aku saka
mburi, nanging pasuryan-Ku ora bakal
kokdeleng."

34 1 Gusti Allah banjur ngandika
marang Musa, "Nataha papan
watu loro kaya sing dhisik, lan Aku bakal
nyerat pangandika sing katulis ing watu
sing wis kokremuk.
2 Sésuk-ésuk kowé kudu wis cecawis
munggah ing Gunung Sinai, lan sowan
marang Aku ing pucaking gunung kono.
3 Ora ana wong siji waé sing kena mèlu
kowé utawa kumliwer ana ing gunung
iku. Senajan wedhus utawa sapi uga ora
kena nyenggut ing sikiling gunung."
4 Musa natah papan watu loro menèh,
lan ésuké, umun-umun, watu mau diasta
munggah ing Gunung Sinai, kaya sing
didhawuhaké déning Allah.
5 Gusti Allah banjur rawuh ing sajroning
méga: Panjenenganė jumeneng ana ing
sacedhaké Musa, sarta nyebut asmané
sing suci, yakuwi Allah.
6 Gusti Allah banjur langkung ing
ngarepé Musa lan ngandika sora, "Aku
iki Allah, sing asipat welas lan asih,
gedhé sabaré, kamirahan lan kasetyané.

7 Aku netepi janji-Ku marang wong
éwon-éwon sarta ngapura kaluputan,
panerak lan dosa; nanging ngukum
malesaké kaluputané bapak marang
anak-putuné nganti turun ping telu lan
ping pat."
8 Musa énggal-énggal sujud lan
nyembah.
9 Aturé, "Gusti! Menawi Paduka saèstu
nresnani kawula, kawula nyuwun,
mugi kersaa nyarengi kawula. Bangsa
menika pancèn wangkot manahipun,
nanging mugi kersa ngapunten dosa lan
duraka kawula sedaya, saha mugi kersa
mundhut kawula sami dados kagungan
Paduka piyambak."
10 Pangandikané Allah marang Musa,
"Saiki Aku gawé prejanjian karo bangsa
Israèl. Ing ngarepé wong-wong mau
Aku bakal nindakaké kaélokan-kaélokan
sing durung tau Daktindakaké ing
antarané bangsa ngendi waé. Sakèhing
bangsa bakal weruh kaélokan sing
Daktindakaké, sebab Aku, Allah bakal
nindakaké prekara kang nggegirisi
tumrap kowé kabèh.
11 Mulané dhawuh-dhawuh kang bakal
Dakparingaké marang kowé ing dina

iki lakonana. Aku bakal nundhung
bangsa-bangsa Amori, Kenaan, Hèt,
Fèris, Hèwi lan Yébus, samasa kowé
padha maju.
12 Aja padha gawé prejanjian karo
wong-wong ing negara sing koktekani,
sebab prekara mau bakal bisa njiret
kowé dhéwé.
13 Dadi, aja padha nglakoni mengkono,
nanging mesbèh-mesbèhé gempuren,
tugu-tuguné remuken, lan cagak-cagaké
brahala Asyéra duwèké wong-wong mau
rubuhna.
14 Aja padha nyembah allah liyané,
sebab Aku iki Allah sing sujanan; Aku
ora marengaké yèn ana wong nyembah
marang allah liyané.
15 Aja padha gawé prejanjian karo
bangsa ing negara mau, sebab menawa
wong-wong mau padha nyembah
allah-allahé lan gawé kurban, mesthi
bakal padha ngulemi kowé supaya mèlu
mangan kurbané.
16 Menawa anak-anakmu mbésuk
kawin karo wong wadon ing kono,
wong-wong mau bakal padha mbujuk
anak-anakmu ninggal Aku, diajak
nyembah déwa-déwané.

17 Aja padha gawé lan nyembah marang
allah-allah saka barang pelikan.
18 Padha nganakna Riaya Pésta Roti
Tanpa Ragi, kaya sing wis Dakdhawuhaké
marang kowé. Kowé kudu padha mangan
roti tanpa ragi sajroné pitung dina ing
sasi Abib, sebab ing sasi kuwi kowé
kabèh padha lunga saka ing tanah Mesir.
19 Saben anak lanang mbarep sarta
kéwan lanang sing lair kawitan kuwi
kagungan-Ku,
20 nanging kuldi sing lair kawitan iku
kudu koktebus nganggo cempéning
wedhus gèmbèl siji minangka ijolé. Yèn
kowé padha ora gelem nebus, guluné
kéwan mau kudu kokputung. Saben
anak lanang mbarep kudu koktebus.
Sing sapa sowan marang Aku kudu
nggawa pisungsung.
21 Nem dina kowé padha nyambuta-
gawé; nanging ing dina kapitu padha
lèrèna, senajan ing mangsa mluku utawa
ing mangsa panèn.
22 Menawa kowé padha ngenèni
gandum kang kawitan, padha nganakna
Pésta Panèn. Riayakna uga Riaya Tarub
Godhong ing pungkasaning taun, samasa
kowé padha ngundhuhi woh-wohan.

23 Setaun kaping telu wong-wong
lanang kabèh kudu padha séba marang
Aku, Allahé Israèl.
24 Sawisé bangsa-bangsa Daktundhung,
sarta wilayahmu Dakelar, ora ana wong
sing bakal wani ngrebut negaramu,
angger kowé padha tetep séba marang
Aku setaun rambah kaping telu, yaiku
ing riaya roti tanpa ragi, riaya panèn lan
riaya undhuh-undhuh.
25 Aja padha misungsungaké roti sing
digawé nganggo ragi samasa kowé
misungsungaké kurban kéwan marang
Aku. Kéwan sing disembelèh kanggo
kurban Riaya Paskah ora kena nginep
tekan dina ésuké.
26 Gandum kawitan pametuné lemahmu
sing apik dhéwé kudu kokgawa menyang
Pedalemané Allah. Dagingé cempé
aja kokmasak nganggo banyu susuné
emboké."
27 "Pangandikané Allah marang
Musa, Pangandika-Ku tulisen, sebab
pangandika iki bakal Dakgawé prejanjian
karo kowé sarta karo bangsa Israèl."
28 Musa ana ing kono karo Gusti Allah
suwéné patang puluh dina patang puluh
bengi, ora dhahar lan ora ngunjuk. Déné

prejanjian mau yaiku Angger-anggering
Allah Sepuluh prekara, kang katulis ana
ing papan watu.
29 Nalika Musa mandhap saka ing
Gunung Sinai ngasta Angger-angger
Sepuluh mau, pasuryané mencorong
awit wis aben-ajeng karo Allah; nanging
Musa dhéwé ora pirsa.
30 Bareng Harun lan para umat nyawang
Musa padha weruh yèn pasuryané
Musa mencorong, temah padha wedi
nyedhaki.
31 Musa banjur nimbali wong-wong
mau. Harun lan para tuwa-tuwané umat
kabèh nuli iya padha nyedhaki Musa.
Musa banjur ngandikani wong-wong
mau.
32 Sawisé mengkono wong-wong
Israèl kabèh uga banjur padha kumpul
nyedhaki sarta padha dipangandikani
bab apa kang wus kadhawuhaké déning
Allah ing Gunung Sinai.
33 Sajroné ngandikan karo wong-wong
mau, Musa nutupi pasuryané nganggo
kacu.
34 Samasa mlebet ing Kémah
Palenggahaning Allah prelu sowan ing
ngarsané Gusti Allah, kacu mau dibukak.

Sawisé metu, sakèhing pangandikané
Allah nuli didhawuhaké marang bangsa
Israèl,
35 déné wong-wong iya padha weruh
yèn pasuryané Musa mencorong.
Saben-saben bali saka sowan ana ing
ngarsané Allah, Musa nutupi pasuryané
nganggo kacu.

35 1 Musa nglempakaké bangsa
Israèl, banjur ngandika marang
wong-wong mau, "Iki dhawuhé Allah
marang kowé kabèh, sing kudu
koklakoni:
2 Sajroné nem dina padha nyambuta-
gawé, nanging dina kapitu kuwi dina
sing suci, dina kanggo ngaso, dina
gedhé sing dipiji kagem Allah. Sapa waé
sing nyambut-gawé ing dina mau kudu
diukum pati.
3 Dadèn geni ing omah ing dina Sabbat
iya ora kena."
4 Musa ngandika marang bangsa Israèl
kabèh, "Mengkéné dhawuhé Allah:
Nggawaa pisungsung kagem Gusti Allah
saka kang kokduwèni.
5 Sapa sing rila atiné misungsungna
mas, slaka, utawa prunggu;

6 kain léna alus, wuluning wedhus
gèmbèl, kain biru, wungu lan abang;
kain saka wulu wedhus bérok;
7 lulanging wedhus gèmbèl lanang sing
dipulas abang; lulang alus, kayu akasia,
8 lenga kanggo lampu; bumbu kanggo
lenga jebad sarta dupa sing arum;
9 akik dlima lan akik liyané sing
diembani kanggo kotang éfod lan tutup
dhadhané Imam Agung."
10 "Sakèhing tukang sing ahli padha
tekaa prelu gawé barang-barang sing
didhawuhaké déning Allah, yakuwi:
11 Kémah, payon lan tutupé, canthèlan
lan raganganè, kendhité, cagaké lawang
lan gordhèn sing kanggo nutupi;
12 (35:11)
13 méja lan pikulané, sarta pirantiné
kabèh; roti sing disaosaké kagem Allah;
14 pedamaran sapirantiné, damar karo
lenganè;
15 mesbèh kanggo ngobong dupa sarta
pikulané, lenga jebad, dupa wangi;
gordhèn ing lawanging Kémah,
16 mesbèh kurban obongan karo
wancak-suji saka prunggu, pikulan karo
pirantiné kabèh; padasan kanggo wisuh
karo umpaké,

17 gordhèn kanggo lawanging plataran,
18 pathok sarta tali-temaliné kanggo
Kémah lan platarané;
19 sandhangan dhines sing dienggo para
imam samasa ngladèni ing Kémah Suci
sarta sandhangan dhines kanggo Imam
Harun, sarta putra-putrané."
20 Wong-wong Israèl banjur padha
bubaran.
21 Sapa waé sing atiné kabereg nuli
kanthi lila padha nggawa pisungsung
katur ing Allah kanggo gawé Kémah
Palenggahaning Allah. Wong-wong mau
padha nggawa apa waé sing dibutuhaké
kanggo ngibadah sarta samubarang sing
kanggo gawé sandhangané imam.
22 Sapa waé sing atiné lila legawa, wong
lanang utawa wong wadon padha teka
nggawa peniti, anting-anting, ali-ali,
kalung, lan sawernaning anggon-anggon
mas, banjur dipisungsungaké marang
Allah.
23 Sing padha duwé kain léna alus,
kain benang biru, wungu utawa abang,
kain saka wulu wedhus, lulang wedhus
gèmbèl lanang sing dipulas abang,
utawa lulang alus, padha misungsungaké
barang-barang mau.

24 Kabèh wong sing bisa nyumbang slaka lan prunggu, padha misungsungaké marang Allah. Mengkono uga tumrap wong-wong sing padha duwé kayu akasia sing kena dienggo dandanan mau.
25 Sakèhing wong wadon sing pinter nenun padha nggawa benang léna alus sarta benang biru, wungu lan abang.
26 Wong-wong mau uga ngantih benang saka wuluning wedhus.
27 Para pemimpin padha nggawa akik dlima lan akik liyané sing bakal dijait ing kotang kanggo éfod, sarta tutup dhadha.
28 Wong-wong mau iya padha nggawa bumbu lan lenga kanggo damar, lenga jebad sarta dupa sing gandané wangi.
29 Kanthi rilaning ati wong-wong Israèl kabèh padha nggawa pisungsung katur ing Allah, kanggo gegawéan sing didhawuhaké déning Allah lantaran Musa.
30 Musa banjur ngandika marang bangsa Israèl, "Gusti Allah wis miji Bézaleèl, anaké Uri, putuné Hur, saka klompok Yéhuda.
31 Wong mau katedhakan ing Rohé Allah, kaparingan keahlian, kaprigelan

lan pangertèn ing sawernaning
pegawéan,
32 kanggo ngrancang apa waé, kayata
nggarap mas, slaka lan prunggu;
33 ngasah akik sing bakal diembani;
ngukir kayu sarta pegawéan liyané.
34 Gusti Allah maringi kabisan marang
Bézaleèl mau lan iya marang Aholiab,
anaké Ahisamakh saka klompok
Dhan, mulangaké kapinterané marang
wong-wong.
35 Gusti Allah wis maringi kaprigelan
marang wong-wong mau ing sarupaning
pegawéan tukang, yaiku gawéané ahli
ukir, ahli ngrancang lan ahli nenun
léna alus, wol biru, wungu lan abang,
sarta nenun liyané. Ringkes wong-wong
mau padha bisa nindakaké sakèhing
pegawéan sarta bisa ngrancang modhèl
sing becik.
36 1 Bézaleèl, Aholiab sarta sakèhing
tukang, sing wis diparingi
kaprigelan lan keahlian déning Gusti
Allah ngerti carané gawé barang sing
dibutuhaké kanggo mbangun Kémah.
Wong-wong mau kudu gawé samubarang
sing wis didhawuhaké déning Allah."

2 Musa nglumpukaké Bézaleèl,
Aholiab sarta tukang-tukang liyané
sing wis kaparingan keahlian déning
Allah, lan seneng mbantu, banjur
didhawuhi supaya padha énggal miwiti
nyambut-gawé.
3 Wong-wong mau padha nampani
barang-barang sing wis disumbangaké
déning wong Israèl lantaran Musa
kanggo mbangun Kémah Suci. Nanging
saben ésuk bangsa Israèl isih terus
waé nggawa pisungsungé kapasrahaké
marang Musa.
4 Tukang-tukang sing lagi padha
nyambut-gawé mau,
5 banjur padha lapur marang
Musa, "Barang-barang ingkang
kapisungsungaken tiyang-tiyang menika
sampun nglangkungi kabetahanipun
ingkang kadhawuhaken déning Gusti
Allah."
6 Musa banjur kandha karo wong-wong
kabèh, yèn wis ora susah nggawa
pisungsung menèh kanggo Kémah Suci,
dadi wong-wong banjur ora nggawa
pisungsung menèh.

7 Barang-barang sing disaosaké
kanggo ngrampungaké pegawéan wis
turah-turah.
8 Ing antarané para tukang sing padha
nggarap pegawéan, ana sing prigel
banget gawé Kémah Palenggahané
Allah. Kémah mau padha digawé saka
kain léna alus sepuluh potong ditenun
nganggo benang biru, wungu lan abang,
banjur disulam nganggo gambar kerub
nganggo swiwi.
9 Saben potongan ukurané padha; dawa
lan ambané rong mèter.
10 Sing limang potong padha disambung
dadi siji, mengkono uga sing limang
potong liyané.
11 Nuli gawé tali kolongan saka kain
biru kaetrapaké ing pinggir sisih njaba.
12 Kolongan sèket iji kaetrapaké ing
kain sing siji, mengkono uga ing kain
pungkasan pérangan liyané, nganti
padha adhep-adhepan.
13 Wong-wong mau padha gawé
kolongan emas sèket iji kanggo
nggandhèng rong pérangan mau.
14 Banjur padha gawé payoning Kémah
saka kain wulu wedhus bérok sewelas
potong.

15 Saben potong ukurané padha,
dawané telulas mèter, déné ambané
rong mèter.
16 Sing limang potong dijait dadi
sapérangan; déné pérangan liyané nem
potong.
17 Wong-wong mau masang kolongan
sèket iji ing pinggiraning kain pérangan
sing kapisan sarta kolongan sèket iji ing
pinggiraning pérangan sing kapindho.
18 Banjur digawé kolongan sèket iji saka
prunggu kanggo nyambung pérangan
loro mau, supaya dadi payon siji.
19 Banjur padha gawé payon loro liyané,
sing siji saka lulang wedhus bérok
lanang sing dipulas abang, déné liyané
saka lulang alus kanggo tutup ing njaba.
20 Wong-wong mau banjur padha gawé
balunganing Kémah saka blabag kayu
akasia minangka cagak sing ngadeg
jejeg.
21 Saben blabag dhuwuré patang mèter
sarta ambané sewidak nem sèntimèter,
22 kanthi blandar sepasang kanggo
nggandhèng blabag-blabag mau. Saben
blabag ana blandaré sing padha rupané.
23 Wong-wong mau padha gawé blabag
rong puluh kanggo Kémah sisih Kidul,

24 sarta umpak slaka patang puluh
disèlèhaké ing sangisoré; saben blabag
umpaké loro kanggo nyangga blandaré
loro.
25 Wong-wong mau padha gawé blabag
rong puluh kanggo Kémah ing sisih Lor,
26 karo umpak slaka patang puluh,
saben blabag umpaké loro.
27 Kanggo Kémah sisih mburi, yakuwi
ing sisih Kulon, padha gawé blabag nem,
28 sarta blabag loro ing saben pojok.
29 Cagak-cagak ing pojok mau
didadèkaké siji karo umpak bablas tekan
ing ndhuwur. Iya mengkono enggoné
gawé karo pisan mau ana ing pojok loro.
30 Dadi ana cagak wolu lan umpak slaka
nembelas, saben cagak umpaké loro.
31 Wong-wong mau padha gawé
pengeret saka kayu akasia: cacahé
limalas ditumpangaké cagak-cagak,
saben sisih Kémah blandaré lima,
32 kanggo sisih liya-liyané uga lima,
lan kanggo cagak-cagak ing sisih Kulon,
yakuwi sisih mburi uga lima.
33 Pengeret ing tengah, dipasang ing
sandhuwuré cagak. Balok mau malang
saka sisih lemah sing Lor tekan sisih
Kidul.

34 Cagak-cagak mau padha dilapisi nganggo emas, banjur padha dipasangi gelangan emas kanggo nyangga balok-balok sing malang sing iya dilapisi emas.
35 Wong-wong mau iya gawé gordhèn saka kain léna alus, sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang, banjur disulam nganggo gambar kerub nganggo swiwi.
36 Kanggo nyanthèlaké gordhèn mau padha digawèkaké cagak papat saka kayu akasia. Cagak-cagak mau uga dilapisi emas, banjur digandhèng nganggo canthèlan emas. Sawisé mengkono banjur padha gawé umpak slaka papat kanggo nyangga cagak-cagak mau.
37 Minangka lawanging Kémah padha gawé gordhèn siji saka kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang, banjur direngga nganggo sulaman.
38 Gordhèn iki dicanthèlaké ing cagak lima sing digandhèng nganggo gelangan. Gelangan-gelangan sing kanggo nggandhèng mau padha dilapisi emas,

déné umpaké lima padha digawé saka
prunggu.

37

1 Bézaleèl gawé Pethi Prejanjian
saka kayu akasia, dawané 110
sèntimèter, ambané sarta dhuwuré
padha, yakuwi 66 sèntimèter.
2 Ing njaba lan ing njero dilapisi emas
murni, lan nganggo wengku emas
mubeng.
3 Banjur digawèkaké gelangan emas
papat kanggo nylobokaké pikulan, sing
dipasang ing sikilé Pethi papat, saben
sisih gelangan loro.
4 Iya digawèkaké pikulan saka kayu
akasia, dilapis nganggo emas.
5 Banjur dislobokaké ing saben sisihing
Pethi mau.
6 Pethi mau iya digawèkaké tutup saka
emas murni, dawané 110 sèntimèter lan
ambané 66 sèntimèter.
7 Lan digawèkaké rerupan emas mujud
kerub loro nganggo swiwi sing diukur,
8 sing siji ing sisih kéné, sijiné ing sisih
kanané. Rerupan loro mau digawé dadi
siji karo tutupé.
9 Digawé padha adhep-adhepan; déné
swiwiné megar nutupi Pethi mau.

10 Bézaleèl gawé méja saka kayu
akasia, dawané 88 sèntimèter, ambané
44 sèntimèter lan dhuwuré 66
sèntimèter.
11 Méja mau dilapisi mas murni, mubeng
dipasangi plisir mas.
12 Iya banjur digawèkaké wengku sing
ambané 7,5 sèntimèter sakubengé méja
mau. Wengkuning méja diwènèhi plisir
mas.
13 Digawèkaké gelangan usungan papat
sing dipasang ana ing pojok papat
sandhuwuring sikilé.
14 Gelangan kanggo slobokan pikulan
dipasang mèpèt wengkuning méja mau.
15 Pikulané digawé saka kayu akasia
dilapisi mas.
16 Digawé uga piranti sing temumpang
ing méja mau kayata: piring-piring,
cangkir-cangkir, kendhi-kendhi lan
mangkok-mangkok wadhah anggur
saosan, kabèh digawé saka mas murni.
17 Bézaleèl gawé pedamaran saka
mas murni. Bancikané lan sikilé saka
mas sing diukir. Direngga nganggo
kembang-kembangan, kudhup lan
slagané irasan karo gagangé.

18 Pedamaran mau ana pangé nem
metu saka lajeré, saben sisih telu.
19 Ing saben pang ana rerenggané
kembang telu kaya kembang badam[p]
karo kudhup lan slagané.
20 Ing gagangé ana rerenggan kembang
papat kaya badam karo kudhup lan
slagané.
21 Lan ing sangisoring saben pang
sajodho ana kudhupé.
22 Wadhah lampu mau sarta kudhup-
kudhupé lan pang-pangé digawé saka
ukir-ukiran mas siji.
23 Ing pedamaran mau digawèkaké
damar pitu karo gunting lan tadhah
langes saka mas murni.
24 Kanggo gawé pedamaran sarta
pirantiné kabèh mbutuhaké mas murni
35 kilogram.
25 Bézaleèl gawé mesbèh saka kayu
akasia kanggo padupan. Mesbèh mau
pesagi, dawa lan ambané padha 45
sèntimèter. Dhuwuré 90 sèntimèter.
Sungu-sunguné ing pojoké papat dadi
siji karo mesbèhé.

---

[p]badam: kajeng lus.

[26] Ing sisih ndhuwur, sisihé papat sarta
sunguné dilapisi mas murni lan ing
sakubengé digawèkaké plisir mas,
[27] banjur digawèkaké gelangan kanggo
mikul, dipasang ing sangisoring plisir
ing sisihé loro kanggo slobokan pikulan
samasa mesbèh mau diusung.
[28] Pikulané padha digawé saka kayu
akasia sarta dilapis mas.
[29] Bézaleèl uga gawé lenga jebad lan
dupa murni sing dicampur karo lenga
wangi.

38 [1] Bézaleèl gawé mesbèh saka
kayu akasia kanggo kurban
obongan. Wujudé pesagi, dawa lan
ambané padha 2,2 mèter, déné dhuwuré
1,3 mèter.
[2] Ing pojoké mesbèh papat mau
digawèkaké sungu papat, diiras dadi siji
karo mesbèhé. Kabèh mau padha dilapisi
nganggo tembaga.
[3] Uga digawèkaké sakèhé pirantining
mesbèh mau, kayata: kuwali-kuwali,
sérok, mangkok-mangkok, garpu-garpu
sarta wadhah geni. Piranti mau kabèh
digawé saka tembaga.

4 Digawèkaké jala saka tembaga sing
diubedaké ing mesbèh wiwit saka ngisor
nganti tekan tengah-tengahé.
5 Banjur digawèkaké gelangan kanggo
ngusung, dipasang ing sangisoring
pojoké mesbèh, papat.
6 Pikulané padha digawé saka kayu
akasia sing dilapisi tembaga.
7 Pikulané mau dislobokaké ing
gelangan sing ana ing iringaning
mesbèh. Mesbèh mau digawé saka
blabag sarta ing njeroné digawé kaya
kothak.
8 Bézaleèl gawé padasan tembaga;
déné dhasaré iya tembaga; asalé
saka pengiloné para wong wadon sing
padha ngladèni ing lawanging Kémah
Palenggahaning Allah.
9 Bézaleèl mageri plataraning Kémah
Palenggahané Allah nganggo gordhèn-
gordhèn kain léna alus. Dawané gordhèn
ing sisih Kidul 44 mèter,
10 disangga cagak tembaga rong puluh;
saben cagak nganggo umpak tembaga,
déné canthèlan sarta sing kanggo
nyambung digawé saka slaka.
11 Ing sisih Lor uga digawé kaya
mengkono.

12 Ing sisih Kulon dipasangi gordhèn
dawané 22 mèter; cagak sepuluh ana
umpaké dhéwé-dhéwé, canthèlan sarta
sing kanggo nyambung slaka.
13 Ing sisih Wétan, sing ana lawangé,
ambané pager iya 22 mèter.
14 Ing kiwa-tengené lawang mau ana
gordhèn ambané 6,6 mèter, nganggo
cagak telu ana umpaké dhéwé-dhéwé.
15 (38:14)
16 Gordhèn ing sakubengé plataran mau
kabèh digawé saka kain léna alus.
17 Umpaking cagak-cagaké digawé saka
tembaga, déné canthèlané, sambungan
sarta pucuking cagak digawé saka slaka.
18 Gordhèn ing lawanging plataran mau
saka kain léna alus, ditenun nganggo
benang biru, wungu lan abang sarta
dihias nganggo sulaman. Dawané 9
mèter sarta dhuwuré 2 mèter, kaya
gordhèné plataran.
19 Gordhèn mau disangga cagak papat,
siji-sijiné nganggo umpak. Canthèlan,
tutup ing ndhuwur sarta sing kanggo
nyambung digawé saka slaka.
20 Kabèh blandar lan pageré sing
ngubengi plataran digawé saka tembaga.

21 Iki daftaré barang-barang sing
dienggo ing sajroning Kémah
Palenggahané Allah, panggonan
kanggo nyimpen papan watu loro sing
ana tulisané Angger-anggering Allah,
yaiku Pepakon Sepuluh. Daftar iku
digawé atas dhawuhé Musa; déné
wong-wong Lèwi sing nyambut-gawé,
dipimpin Itamar, putrané Imam Harun.
22 Bézaleèl (anaké Uri lan putuné Hur
saka klompok Yéhuda) nggarap sakèhing
barang sing didhawuhaké déning Gusti
Allah.
23 Pembantuné, Aholiab anaké
Ahisamakh saka klompok Dhan, tukang
ahli ngrancang sing uga pinter nenun
kain léna alus, biru, wungu lan abang.
24 Mas sing dipisungsungaké marang
Allah kanggo Kémah Suci kabèh ana
sèwu kilogram, ditimbang manut
timbangan resmi.
25 Slaka sing dipisungsungaké miturut
cacah jiwané bangsa Israèl gunggungé
ana 3.430 kilogram, ditimbang manut
timbangan resmi.
26 Kabèh mau padha karo sing dibayar
déning wong-wong sing wis didaftar
sadurungé. Saben wong kudu mbayar

rega sing wis ditemtokaké, ditimbang
manut timbangan resmi. Nalika diétung
kabèh ana wong 603.550, yakuwi wong
lanang sing wis umur 20 taun munggah.
27 Slaka, sing cacahé 3.400 kilogram
kuwi dienggo gawé umpaking cagak
satus, yakuwi cagaké Kémah Suci lan
gordhèn. Saben umpak boboté 34
kilogram.
28 Déné turahané ana 30 kilogram.
Déning Bézaleèl dienggo sambungan,
canthèlan, kanggo cagak-cagaké, sarta
tutup pucuking cagak-cagak mau.
29 Prunggu sing dipisungsungaké kabèh
ana 2.425 kilogram.
30 Prunggu mau dienggo umpak
lawanging Kémah Palenggahaning Allah,
mesbèh karo jalané sing saka prunggu,
kabèh pirantining mesbèh,
31 umpaking pager ing sakubenging
plataran lan lawanging plataran,
blandaring Kémah kabèh lan cagak
gordhèn.

39

1 Bézaleèl lan Aholiab gawé
sandhangan sing éndah-éndah
saka benang biru, wungu lan abang
sing dienggo déning para imam
samasa ngladèni ing Sasana Suci.

Sandhanganing imam kanggo Harun
dijait kaya sing wis didhawuhaké Allah
marang Musa.
2 Wong-wong mau padha gawé éfod
saka kain léna alus, biru, wungu lan
abang, sarta benang mas.
3 Wong-wong mau padha nipisaké
blébékan mas, banjur dirajang dadi
benang alus, nuli ditenun karo kain
léna alus lan benang biru, wungu sarta
abang.
4 Uga padha gawé taliné pundhak
kanggo éfod sing dipasang ing pinggiré,
supaya kena ditalèkaké.
5 Sabuké saka tenunan alus, bakalé
padha, dipasang dadi siji karo éfod
kaya sing wis didhawuhaké déning Allah
marang Musa.
6 Wong-wong mau padha nggosok akik,
banjur dipasang ing plisir mas. Jenengé
para putrané Yakub rolas nuli diukir ana
ing watu-watu mau,
7 banjur padha dipasang ing sabuk
bauné éfod minangka wakiling klompok
Israèl rolas, kaya sing wis didhawuhaké
Allah marang Musa.

8 Bézaleèl lan Aholiab padha gawé
tutup dhadha, bakalé padha karo éfod,
sulamané iya padha.
9 Wujudé pesagi ditekuk dadi loro,
amba lan dawané padha, yakuwi 22
sèntimèter.
10 Ing tutup dhadha dipasangi akik
patang larik, ing larikan kapisan: watu
dlima, topas sarta baiduri sepah;
11 ing larikan kapindho: zamrud, watu
nilam lan inten;
12 ing larikan katelu: watu lazuardi, akik
lan watu kecubung;
13 ing larikan kang kaping pat: watu
pirus, yakut, sarta retna cempaka.
Kabèh mau dipasang ing plisir mas.
14 Watu rolas mau siji-sijiné diukir
jenengé putrané Yakub minangka
wakiling klompok Israèl rolas.
15 Mengkono uga banjur digawé
ranté-ranté saka mas murni sing dienam
kaya tali.
16 Banjur digawèkaké ali-ali mas loro
dipasang ing pucuk loro-loroné sisih
ndhuwur tutup dhadha mau.
17 Ranté mas loro mau dislobokaké ing
ali-ali loro,

18 pucuké padha ditalèkaké ing plisir
loro, sisih ngarep ditalèkaké ing taliné
bauné éfod.
19 Banjur padha gawé ali-ali mas loro
liyané sing dietrapaké ing tutup dhadha
sisih ngisor, ing tekukan sisih njero sing
temumpang éfod.
20 Banjur padha gawé ali-ali mas loro
menèh sing dipasang ing tali éfod
pérangan ngarep sisih ngisor, cedhak
tekukan, ing sandhuwuring sabuk saka
tenunan alus.
21 Kaya sing didhawuhaké déning Allah
marang Musa, wong-wong mau padha
nggandhèng ali-ali tutup dhadha karo
ali-aliné éfod nganggo tali biru, nganti
tutup dhadha mau ana ing ndhuwur
sabuk lan ora bakal ucul.
22 Jubah sing dienggo ing sandhuwuring
éfod, kabèh saka benang biru.
23 Guloné dikuwati nganggo pinggiran
sing ditenun, supaya ora gampang
suwèk.
24 Ing pinggiran sisih ngisor dipasangi
rerenggan rupa woh dlima saka kain
léna alus, lan benang biru, wungu sarta
abang, diselang-seling karo loncèng

mas, kaya sing wis didhawuhaké déning
Allah marang Musa.
25 (39:24)
26 (39:24)
27 Wong-wong mau padha gawé
keméjan kanggo Harun lan anak-anaké,
28 mengkono uga serban, kopyah, clana
cekak saka léna,
29 sarta sabuk saka kain léna alus, biru,
wungu lan abang, direngga nganggo
sulaman, kaya sing wis didhawuhaké
déning Allah marang Musa.
30 Iya digawé blébékan saka mas
murni sing dadi tandha yèn wong-wong
mau wis dipiji kagem Gusti Allah. Ing
blébékan mas mau ana ukir-ukiran
tetembungan: "Dipiji kagem Gusti
Allah."
31 Blébékan mas mau dipasang ing
serban sisih ngarep, manut dhawuhé
Allah marang Musa.
32 Wusanané sakèhing pegawéan sing
kanggo gawé Kémah Palenggahaning
Allah wis rampung. Wong Israèl
enggoné nggarap kabèh mau kaya sing
didhawuhaké Allah marang Musa.
33 Kémah Palenggahaning Allah dalah
sapirantiné kabèh nuli diaturaké marang

Musa, yaiku: Kémah, canthèlané,
blandar sing malang, cagak-cagak apa
déné umpaké,
34 tutup saka lulang wedhus bérok
lanang sing dipulas abang, tutup saka
lulang alus, gordhèn sing nutupi Sasana
Mahasuci;
35 Pethi Prejanjian sing isiné papan
watu loro karo pikulan sarta tutupé,
36 méja saosan roti sapirantiné kabèh,
37 pedamaran saka mas murni,
damar-damar sapirantiné, lenga kanggo
damar,
38 mesbèh saka mas, lenga jebad, dupa
wangi, gordhèn lawanging Kémah,
39 mesbèh tembaga karo jalané sing
saka tembaga, pikulan kanggo ngusung
lan pirantiné kabèh, padasan kanggo
wisuh lan lambarané,
40 gordhèn-gordhèn kanggo pagering
plataran sarta cagak-cagak saumpaké,
gordhèn kanggo lawanging plataran
sarta tali-taliné, blandaring Kémah;
kabèh prabot sing dienggo ing sajroning
Kémah;
41 lan sandhangan khusus sing kudu
dienggo déning para imam ing Sasana

Suci sarta sandhangan dhines kanggo
Imam Harun lan putra-putrané.
42 Wong-wong Israèl wis nindakaké
sakèhing pegawéan mau kaya sing
didhawuhaké Allah marang Musa.
43 Musa banjur nliti kabèh mau sarta
ngerti yèn wong-wong wis nggarap
sarupaning pegawéan cocog karo sing
wis didhawuhaké Allah. Musa banjur
mberkahi wong-wong mau.
40 1 Gusti Allah ngandika marang
Musa,
2 "Kémah Palenggahan-Ku pasangen
ing tanggal siji sasi kapisan.
3 Pethi sing isi Pepakon Sepuluh
lebokna, gordhèné banjur pasangen ing
ngarepé.
4 Méjané lebokna, pirantiné tatanen ing
méja mau. Pedamarané lebokna sarta
damar-damaré pasangen.
5 Mesbèh mas kanggo ngobong
dupa sèlèhna ing sangareping Pethi
Prejanjian, gordhèné banjur gantungen
ing lawanging Kémah.
6 Mesbèh kanggo kurban obongan
prenahna ing sangareping lawangé
Kémah.

7 Padasan kanggo wisuh sèlèhna ing
antarané Kémah lan mesbèh, banjur
isènana banyu.
8 Pageré pasangen ing sakubenging
plataranė Kémah, sarta gordhèné
gantungen ing lawanging plataran.
9 Kémah sapirantiné kabèh banjur
saosna marang Aku, caranė yaiku
dijebadi nganggo lenga jebad, déné
kabèh mau bakal kasucèkaké kagem
Aku.
10 Sebanjuré mesbèh sapirantiné
jebadana nganggo lenga jebad, supaya
kabèh mau suci.
11 Mengkono uga padasan kanggo wisuh
lan lambarané jebadana lan sucèkna
sumaos marang Aku.
12 Harun lan putra-putrané banjur
tekakna ing lawanging Kémah lan konen
sesuci manut upacara agama.
13 Sandhanganė imam enggokna
marang Harun, wongé jebadana supaya
srana mengkono dhèwèké ditetepaké
ngladèni Aku dadi imam.
14 Sawisé mengkono anak-anaké
tekakna, lan enggonana klambiné.
15 Wong-wong mau jebadana kaya
bapakné, supaya iya bisa ngladèni Aku

dadi imam. Enggoné kajebadan iku
supaya dadi imam kanggo ing selawasé."
16 Musa banjur nindakaké kaya sing
didhawuhaké déning Allah.
17 Mulané nalika tanggal siji, sasi siji
ing taun kapindho sawisé bangsa Israèl
lunga saka ing tanah Mesir, Kémah
Palenggahaning Allah dipasang.
18 Musa masang umpaké, ngedegaké
cagak-cagaké lan masang blandaré.
19 Payoning Kémah nuli digelar lan ing
ndhuwuré dipasang payon.
20 Banjur njupuk papan watu loro
sing katulisan Pepakon Sepuluh
sarta dilebokaké ing sajroning Pethi
Prejanjian. Pikulané banjur dislobokaké
ing gelangan sing kanggo ngusung sarta
tutupé dipasang ing ndhuwuré.
21 Pethi mau disèlèhaké ing sajroning
Kémah; sawisé mengkono gordhèn
aling-aling banjur digantung ing
ngarepé, kanggo ngaling-alingi Pethi
Prejanjian.
22 Musa banjur nyèlèhaké méja roti
saosan ing sajroning Kémah, ing sisih
Lor sanjabaning gordhèn,
23 roti sing dipisungsungaké didokok ing
ndhuwur méja.

24 Pedamarané nuli dipapanaké
ing sajroning Kémah, sisih Kidul,
adhep-adhepan karo méja mau;
25 damar-damaré nuli disumed ing
ngarsané Allah, kaya sing didhawuhaké
déning Allah.
26 Mesbèh mas diprenahaké ing
sajroning Kémah, sangareping gordhèn.
27 Sawisé ngobong dupa wangi, kaya
sing didhawuhaké déning Allah mau,
28 Musa masang gordhèn ing lawanging
Kémah,
29 ing sangareping Kémah banjur
didokoki mesbèh kanggo kurban
obongan. Ing mesbèh mau
dipisungsungaké kurban obongan
sarta kurban gandum.
30 Padasan kanggo wisuh disèlèhaké
ing antarané Kémah lan mesbèh, banjur
diisèni banyu.
31 Musa, Harun lan anak-anaké,
32 saben arep mlebu ing Kémah Suci
utawa nyedhaki mesbèh, wisuh tangan
lan sikil ana ing kono.
33 Ing sakubenging Kémah lan mesbèh
mau dipasangi tutup lan ing lawanging
plataran digantungi gordhèn. Mengkono

Musa enggoné ngrampungaké pegawéan
iku.
34 Banjur ana méga nutupi Kémah
Suci sarta cahyané mencorong ngebaki
Kémah mau.
35 Mulané Musa ora bisa mlebu ing
sajroning Kémah.
36 Yèn méga mau munggah ninggal
Kémah Suci, bangsa Israèl banjur
mbongkar kémah-kémahé, pindhah
menyang ing panggonan liya.
37 Yèn mégané tetep ana ing
sandhuwuring Kémah Suci, wong-wong
iya tetep ing kémah-kémahé.
38 Sajroné lelungan mau bangsa
Israèl ditenggani déning Allah ing
sandhuwuring Kémah, yèn awan ana
ing méga sarta yèn bengi ana ing geni
murub.

Imamat

1 [1] Gusti Allah nimbali Musa sarta
dipangandikani saka Kémah
Palenggahané Allah, banjur diparingi
prenatan-prenatan
[2] sing kudu ditetepi déning wong Israèl
samasa saos kurban. Yèn ana wong arep
saos kurban obongan rupa kéwan, bisa
rupa raja-kaya:[a] sapi, wedhus gèmbèl
utawa wedhus jawa.
[3] Yèn sapi, kudu sapi lanang, sing tanpa
cacad. Sapi mau kudu disaosaké ana ing
ngarep lawangé Kémah Palenggahané
Allah, supaya ketrimaa ing ngarsané
Allah.
[4] Wong sing saos kurban kudu
numpangaké tanganė ing endhasé sapi
mau, Gusti Allah banjur bakal nampi
saosan kuwi lan ngapura dosa-dosané.
[5] Sapi mau kudu disembelèh ing
ngarep lawang Kémah Suci. Getihé kudu
disaosaké déning imam anak-turuné
Harun marang Allah, banjur disiramaké

---

[a] raja-kaya: ternak (bhs. Ind.).

kemput ing lambungé mesbèh, sing ana
ing ngarep lawangé Kémah Suci mau.
6 Wong sing saos kurban mau banjur
kudu ngelèti lulangé lan mragat sapi
mau.
7 Imam kudu nataa kayu obong ana ing
mesbèh, banjur disumed.
8 Tengkel-tengkelan sapi mau nuli
katumpangna ana ing ndhuwur kayu,
semono uga endhas lan gajihé.
9 Wong sing saos kurban mau kudu
ngresiki jeroan lan sampilé sing mburi,
kabèh mau banjur diobonga déning
imam ing mesbèh. Gandané kurban
obongan kuwi gawé renaning penggalihé
Allah.
10 Yèn sing digawé kurban rupa wedhus
gèmbèl utawa wedhus jawa, kéwan mau
kudu lanang lan mulus, tanpa cacad.
11 Wong sing saos kurban kudu
nyembelèh wedhusé ing cedhaké
mesbèh sisih Lor, lan para imam kudu
nyiramaké getihé kéwan mau ing
lambungé mesbèh mubeng.
12 Sawisé wedhus mau ditengkel-
tengkel imam banjur nglebokaké
tengkel-tengkelan mau, karo endhas lan
gajihé ana ing genining mesbèh.

13 Wong sing saos kurban mau kudu
ngresiki jeroan lan sampilé wedhus sing
mburi, kabèh mau banjur diobonga
déning imam ana ing mesbèh sumaos
marang Allah. Gandané kurban obongan
mau gawé renaning penggalihé Allah.
14 Yèn sing digawé kurban rupa manuk,
kudu piyik dara utawa manuk drekuku.[b]
15 Manuké mau kudu digawa déning
imam menyang mesbèh, guluné banjur
dipuntir lan endhasé diobong ing mesbèh
kono. Getihé banjur diwetokaké srana
dipijét ana ing lambungé mesbèh
mubeng.
16 Telih saisiné kudu diwetokaké lan
dibuwang ing sisih wétané mesbèh,
panggonan buwangan awu.
17 Manuk mau kudu dicekel ing poking
swiwiné lan disempal, mung aja nganti
pisah saka awaké, banjur kudu diobong
wutuh ana ing mesbèh. Gandané kurban
obongan mau gawé renaning penggalihé
Allah.

2 1 Yén wong saos kurban dhaharan
gandhum. Glepung mau kudu diesoki
lenga zaitun lan ditumpangi menyan,

[b]drekuku: deruk.

2 banjur disaosaké déning para imam
anak-turuné Harun. Imam kudu njupuk
glepungé segegem karo lengané zaitun,
sarta menyané kabèh, lan ngobong
glepung mau ing mesbèh, minangka
tandha yèn kurban dhaharan mau kabèh
wis disaosaké dadi kurban katur marang
Allah. Gandané kurban dhaharan mau
gawé renaning penggalihé Allah.
3 Turahané kurban dhaharan mau
dadi bagéané para imam. Turahan
kuwi barang suci merga dijupuk saka
dhaharan sing wis disaosaké marang
Allah.
4 Yèn sing disaosaké roti bakaran,
kudu roti sing tanpa ragi. Kena roti
sing kandel, sing digawé saka jladrèn
glepung, diulet karo lenga zaitun. Kena
roti sing tipis, angger dilèlèti lenga
zaitun.
5 Yèn sing disaosaké roti panggangan,
kudu roti sing digawé saka glepung,
tanpa ragi lan diulet karo lenga zaitun.
6 Yèn disaosaké kanggo kurban
dhaharan, roti mau kudu diejur lan
diesoki lenga zaitun.

7 Yèn sing disaosaké roti gorèngan,
kudu digawé saka glepung lan lenga
zaitun.
8 Roti mau dadi saosan marang Allah
lan dipasrahna marang imam, sing kudu
nggawa saosan mau menyang mesbèh.
9 Imam nyuwil roti saosan mau lan
ngobong cuwilan kuwi ana ing mesbèh.
Kuwi mretandhani yèn kurban mau
wis disaosaké marang Allah. Gandané
kurban dhaharan mau gawé renaning
penggalihé Allah.
10 Turahané kurban mau dadi bagéané
para imam. Turahan kuwi suci merga
dijupuk saka dhaharan sing wis
disaosaké marang Allah.
11 Dhaharan sing arep disaosaké dadi
kurban obongan konjuk marang Allah aja
pisan-pisan diolah nganggo ragi utawa
madu.
12 Saben taun, sapéranganing gandum
saka panèn sing kawitan, kudu
koksaosaké marang Allah. Gandum mau
ora kena diobong ing mesbèh.
13 Saben kurban dhaharan kudu diuyahi,
merga uyah kuwi nélakaké prejanjian
antarané kowé karo Allah. Mula saben

saosan, sing kokgawé kurban, kudu
kokuyahi.
14 Yèn kowé padha nyaosaké
sapéranganing gandum saka panèn
sing kawitan marang Allah, gandumé
kudu dipanggang dhisik utawa digawé
glepung.
15 Gandum mau kudu diesoki lenga
zaitun lan ditumpangi menyan.
16 Gandumé salong ana sing diobong
bareng karo lengané zaitun lan menyané
kabèh, minangka tandha yèn kurban
dhaharan mau kabèh wis disaosaké
marang Allah.

3 1 Yén wong nyaosake kurban
keslametan rupa sapi, sapiné kena
lanang, kena wadon, nanging kudu
mulus, tanpa cacad.
2 Wong sing nyaosaké kurban mau
kudu numpangaké tangané ing endhasé
sapi mau, banjur nyembelèh sapiné ing
ngareping lawangé Kémah Palenggahané
Allah. Imam-imam anak-turuné Harun
kudu nyiramaké getihé sapi mau ing
lambungé mesbèh mubeng.
3 Kurban keslametan sing disaosaké
marang Allah mau sebagéan dienggo

kurban panggangan,[c] yakuwi: gajih sing
temèmpèl ing jeroan,
4 ginjel sagajihé, lan péranganing ati
sing apik dhéwé.
5 Kabèh mau kudu diobong bebarengan
karo pérangan liya-liyané, ing mesbèh
déning imam. Gandané kurban
panggangan mau gawé renaning
penggalihé Allah.
6 Yèn sing disaosaké ing kurban
keslametan mau rupa wedhus gèmbèl
utawa wedhus jawa, kena lanang, kena
wadon, nanging kudu mulus, tanpa
cacad.
7 Yèn sing disaosaké rupa wedhus
gèmbèl,
8 wongé kudu numpangaké tangané ing
endhasé wedhus mau, banjur nyembelèh
wedhusé ing ngarep Kémah Suci. Imam
kudu nyiramaké getihé wedhus mau ing
lambungé mesbèh mubeng.
9 Sing kudu disaosaké dadi kurban
panggangan konjuk marang Allah,
mung pérangan-pérangané, yakuwi:
gajih, buntuté kabèh sing ana gajihé,

---

[c]kurban panggangan: kurban ingkang katumpangaken ing kurban obongan.

dikethok ngepok, mèpèt ula-ula, gajih
sing temèmpèl ing jeroan,
10 ginjel sagajihé, lan péranganing ati
sing apik dhéwé.
11 Imam kudu ngobong kabèh mau ing
mesbèh dadi kurban panggangan katur
marang Allah.
12 Yèn sing disaosaké rupa wedhus
jawa,
13 wong sing saos kurban kudu
numpangaké tangané ing endhasé
wedhus mau, banjur nyembelèh
wedhusé ing ngarep Kémah Suci. Imam
kudu nyiramaké getihé kéwan mau ing
lambungé mesbèh mubeng.
14 Sing kudu disaosaké imam dadi
kurban panggangan katur marang Allah,
yakuwi gajih kabèh sing temèmpèl ing
jeroan,
15 ginjel sagajihé, lan péranganing ati
sing apik dhéwé.
16 Kuwi mau kabèh diobonga déning
imam ing mesbèh, dadi kurban
panggangan sing gawé renaning
penggalihé Allah. Gajihé kéwan mau
kabèh kasaosna marang Allah.
17 Wong Israèl, sapa waé, ora kena
mangan gajih utawa getih. Prenatan iki

kanggo selawas-lawasé lan kudu ditetepi
déning saben wong Israèl, sing padha
manggon ing ngendi waé.

4
1 Gusti Allah ngandika menéh marang
Musa,
2 "Dhawuhna marang umat Israèl:
Menawa ana wong sing ora kejarag nerak
wewaleré Allah, kudu nyaosaké kurban
pangruwating dosa, sing diprenata
mengkéné:
3 Yèn sing gawé dosa kuwi Imam
Agung, nganti njalari kaluputané umat
Israèl kabèh, wong mau kudu saos
kurban pangruwating dosa rupa sapi
lanang nom siji, sing mulus tanpa cacad,
konjuk marang Allah, supaya dosané
diapura.
4 Sapi mau kudu digawa menyang
lawanging Kémah Suci. Imam Agung
mau kudu numpangaké tangané ana
ing endhasé sapi mau, sapiné banjur
disembelèh ana ing kono.
5 Getihé salong digawa mlebu ing
Kémah.
6 Imam Agung nuli nyelupaké drijiné
ing getih mau lan dikepyur-kepyuraké
rambah ping pitu ing geber, sing
ngadhepaké Pethining Prejanjian.

7 Getih mau salong dilèlètaké ing
sungu-sunguning mesbèh pedupan,
ing njeron Kémah Suci. Turahané kudu
disiramaké ing sikilé mesbèh sing
kanggo nyaosaké kurban obongan ing
njaban Kémah, ing ngarepé lawang.
8 Imam kudu ngetokaké gajih sing
nèmplèk ing jeroané sapi mau,
9 ginjel sagajihé, sarta pérangan ati
sing apik dhéwé.
10 Kabèh mau kudu diobong déning
imam ing mesbèh kurban obongan, ora
béda karo kurban keslametan.
11 Lulangé kéwan mau kudu dikelèti,
banjur daging, endhas, sampil, jeroan,
usus-ususé,
12 kabèh kudu digawa metu menyang
njaban Kémah, lan diobong nganggo
kayu ing panggonan suci sing dienggo
mbuwang awu.
13 Yèn sing gawé dosa mau umat Israèl
kabèh, merga ora njarag nerak sing
diwaleri déning Allah,
14 yèn paneraké mau konangan, umat
mau kudu énggal-énggal nggawa
sapi lanang nom menyang Kémah
Palenggahané Allah, digawé kurban
pangruwating dosa.

15 Para pinituwané umat kudu
numpangaké tangané ing endhasé sapi
mau, sapiné banjur disembelèh ana ing
kono.
16 Getihé salong dijupuk déning Imam
Agung, digawa mlebu ing Kémah Suci.
17 Drijiné nuli dicelupaké ing getih mau
lan dikepyur-kepyuraké ing geber ing
ngarepé Pethining Prejanjian.
18 Getihé salong dilèlètaké ing sungu-
sungu ing pojoké mesbèh padupan sing
ana ing njeron Kémah kono. Turahané
kudu disiramaké ing sikiling mesbèh
kurban obongan, sing ana ing sanjabané
Kémah, ing ngarep lawang.
19 Gajihé kéwan mau kudu ditokaké
kabèh, banjur diobong ing mesbèh.
20 Patrapé padha kaya yèn nyaosaké
sapi lanang kanggo kurban pangruwating
dosa. Kaya mengkono patrapé Imam
Agung enggoné nyaosaké kurban,
tumrap dosané umat, lan Gusti Allah iya
bakal ngapura dosa-dosa mau.
21 Sawisé mengkono sapi lanang sing
wis disembelèh mau kudu digawa metu
saka Kémah kono lan diobong, patrapé
kaya enggoné ngobong sapi lanang
sing dienggo kurban ngruwat dosané

Imam Agung. Kaya mengkono patrapé nyaosaké kurban pangruwating dosa sing ora dijarag kanggo umat.

22 Yèn sing nglakoni dosa mau kagolong penggedhé, merga nerak wewaleré Gusti Allah, tanpa dijarag,

23 wongé kudu énggal dikandhani. Wong mau kudu saos kurban pangruwating dosa rupa wedhus lanang sing mulus tanpa cacad. Tangané kudu ditumpangaké ing endhasé wedhus mau, lan wedhusé banjur disembelèh ing sacedhaké mesbèh, sisih Wétan, yakuwi panggonané nyembelèh kéwan sing arep digawé kurban obongan.

24 (4:23)

25 Imam kudu nyelupaké drijiné ing getihing wedhus mau lan nglèlètaké getih mau ing sungu-sungu ing pojoké mesbèh. Turahané kudu disiramaké ing sikilé mesbèh.

26 Patrapé padha karo nyaosaké kurban keslametan. Kaya mengkono patrapé nyaosaké kurban pangruwating dosa sing ora kejarag tumrap penggedhé, lan Allah bakal ngapura dosané wong mau.

27 Yèn ana wong lumrah sing gawé
dosa, nerak wewaleré Gusti Allah, ora
kejarag,
28 wong mau kudu énggal dikandhani
supaya saos kurban rupa wedhus wadon
sing mulus, tanpa cacad.
29 Wong mau kudu numpangaké
tangané ing endhasé kéwan mau,
kéwané banjur disembelèh ing
sacedhaké mesbèh sing kanggo kurban
obongan, yakuwi panggonané wong
nyembelèh kéwan-kéwan sing arep
kanggo kurban obongan.
30 Imam kudu nyelupaké drijiné ing
getihé kéwan mau, lan nglèlètaké
getih mau ing sungu-sungu ing pojoké
mesbèh, lan turahané kudu disiramaké
ing sikiling mesbèh.
31 Gajihé kéwan mau kudu ditokaké
kabèh, kaya patrapé saos kurban
keslametan. Gajih mau kudu diobong
déning Imam, supaya gandané gawé
renaning penggalihé Gusti Allah. Kudu
kaya mengkono patrapé imam olèhé
nyaosaké kurban pangruwating dosa
tumrap wong lumrah, lan Gusti Allah
bakal ngapura dosané wong mau.

32 Nanging yèn kéwan sing digawé
kurban pangruwating dosa kuwi wedhus
gèmbèl, wedhusé kudu wadon lan mulus,
tanpa cacad.
33 Wongé kudu numpangaké tangané
ing endhasé wedhus mau, banjur
nyembelèh wedhusé ing sisih loré
mesbèh kurban obongan, yakuwi
panggonané nyembelèh kéwan-kéwan
sing arep kanggo kurban obongan.
34 Imam kudu nyelupaké drijiné ing
getihé kéwan mau, lan nglèlètaké ing
sungu-sungu ing pojoké mesbèh, lan
nyiramaké turahané ana ing sikilé
mesbèh.
35 Gajihé kéwan mau kabèh kudu
ditokaké, kaya patrapé saos kurban
keslametan. Gajih mau kudu diobong
ing mesbèh, bebarengan karo kurban
dhaharan sing disaosaké marang Allah.
Kudu kaya mengkono patrapé imam
olèhé nyaosaké kurban pangruwating
dosa, kanggo wong sing ora njarag
nerak wewaleré Allah. Gusti Allah bakal
ngapura wong mau."

5 1 Panerak-panerak sing prelu
disuwunaké pangapura srana kurban
pangruwating dosa kuwi sing mengkéné:

Yèn ana wong dijaluk dadi seksi ing
pengadilan, nanging ora gelem awèh
ketrangan bab sawijining prekara, sing
diweruhi utawa dirungu, wong mau
keluputan lan kudu nyangga paukumané.
2 Wong sing ora njarag nggepok barang
sing najis, kayata bathang kéwan,
samasa ngerti apa sing dilakoni mau,
dadi najis lan keluputan.
3 Wong sing nggepok barang najis sing
asalé saka manungsa, samasa ngerti
apa sing dilakoni mau, dadi najis lan
keluputan.
4 Wong sing sumpah tanpa dipikir bab
apa sing dikandhakaké, samasa ngerti
apa sing dilakoni mau, dadi najis lan
keluputan.
5 Wong sing nglakoni prekara-prekara
ing dhuwur mau kudu ngakoni luputé.
6 Merga dosané mau, wong kuwi kudu
saos kurban marang Allah, rupa wedhus
gèmbèl wadon siji utawa wedhus jawa
wadon siji. Imam kudu nyaosaké kurban
mau, supaya dosané wong mau diapura.
7 Yèn wong mau ora kuwat nyaosaké
wedhus gèmbèl utawa wedhus jawa
kanggo nebus dosané, kudu nyaosaké
manuk drekuku utawa manuk dara

sejodho; sing siji kanggo kurban
pangruwating dosa, sijiné kanggo
kurban obongan.
8 Manuk-manuk mau kudu dipasrahaké
marang imam; sing disaosaké dhisik
kurban pangruwating dosa. Guluné
manuk mau kudu dipuntir, nanging
endhasé ora kena nganti pedhot.
9 Getihé manuk mau kudu diciprat-
ciprataké ing sikilé mesbèh. Kuwi
kurban sing kudu disaosaké supaya olèh
pangapuraning dosa.
10 Sawisé kuwi imam lagi nyaosaké
kurban sing kapindho, yakuwi kurban
obongan, miturut prenatan. Kaya
mengkono patrapé imam olèhé nyaosaké
kurban kanggo wong sing nerak
wewaleré Allah, lan Gusti Allah bakal
ngapura wong mau.
11 Yèn wong sing nglakoni panerak
mau ora kuwat nyaosaké manuk
deruk sejodho utawa manuk dara
sejodho kanggo kurban, kudu nyaosaké
glepung sakilogram. Glepung mau
ora kena diwènèhi lenga zaitun utawa
menyan, merga dienggo saos kurban
pangruwating dosa, lan ora kanggo
kurban dhaharan.

12 Glepung mau kudu dipasrahaké
marang imam. Imam banjur kudu
njupuk glepungé segegem, minangka
tandha yèn glepungé kabèh kasaosaké
kanggo kurban marang Allah. Glepung
segegem mau banjur diobong ing
mesbèh dadi kurban dhaharan. Kurban
mau kurban pangruwating dosa.
13 Kudu kaya mengkono patrapé imam
olèhé nyaosaké kurban kanggo wong
sing nglakoni panerak, lan Allah bakal
ngapura wong mau. Turahané gandum
mau dadi bagéané imam, ora béda karo
yèn nyaosaké kurban dhaharan.
14 Gusti Allah paring dhawuh marang
Musa mengkéné,
15 "Menawa ana wong sing tanpa
dijarag gawé dosa merga lali masrahaké
pisungsung wajib kagem Allah, wong
mau kudu nyaosaké kurban dhendha,
rupa wedhus gèmbèl utawa wedhus
jawa siji, lanang lan mulus, tanpa cacad.
Regané ditetepaké miturut rega resmi.
16 Wong mau kudu mbayar sing dadi
wajibé, ditambah rong puluh persèn.
Kéwan mau kudu ditampakaké marang
imam, lan imam kudu nyaosaké kéwan
mau dadi kurban dhendha kanggo nebus

dosané wong mau, lan Allah bakal
ngapura.
17 Yèn wong tanpa dijarag nerak
salah-sijining wewaleré Allah, wong mau
keluputan, lan kudu diukum.
18 Mulané kudu nyaosaké kurban
dhendha sing kudu ditampakaké marang
imam rupa wedhus gèmbèl utawa
wedhus lanang siji, sing tanpa cacad.
Ajiné kudu ditetepaké manut rega sing
kanggo ing Kémah Suci. Imam nyaosaké
kurban mau kanggo nebus dosané wong
sing keluputan mau, lan Allah bakal
ngapura.
19 Kaya mengkono mau prenatané
kurban dhendha supaya olèh apuraning
dosa ing ngarsané Allah."

6

1 Gusti Allah ngandika menèh marang
Musa mengkéné,
2 "Wong dadi nglakoni dosa ing ngarsané
Allah, yèn ora gelem mbalèkaké barang
titipan duwèké pepadhané wong Israèl,
utawa menawa wong mau nyolong
barang duwèké pepadhané utawa
ngapusi pepadhané, utawa klawan
sumpah ora ngaku yèn nemu barang
duwèké pepadhané sing ilang. Wong
mau kudu nyaosaké kurban dhendha.

3 (6:2)
4 Lan kudu mbalèkaké barang olèh-
olèhané laku sing ora jujur mau. Wong
mau sanalika kudu mbayar sepira regané
barangé marang sing duwé, nganggo
dipunjuli rong puluh persèn.
5 (6:4)
6 Kejaba kuwi wong mau kudu
masrahaké marang imam wedhus
gèmbèl utawa wedhus jawa lanang siji,
sing mulus tanpa cacad, kanggo saos
kurban dhendha konjuk marang Allah.
Regané kudu ditetepaké miturut rega
sing kanggo ing Kémah Suci.
7 Imam kudu nyaosaké kurban
dhendha, lan Allah bakal ngapura dosané
wong mau."
8 Gusti Allah ngandika menèh marang
Musa,
9 "Harun lan anak-anaké wènèhana
prenatan bab kurban obongan
mengkéné: Kurban obongan kuwi kudu
terus diobong ing geni sing ana ing
mesbèh, sewengi muput. Genining
mesbèh ora kena mati.
10 Imam banjur kudu nganggo clana
cendhak lan jubah léna, ngukupa
awuning gajih kurban obongan saka

mesbèh, kadokokna ing sandhingé
mesbèh.
11 Sawisé kuwi imam kudu salin
penganggo, lan nggawa awu mau
menyang sanjabané Kémah, ing papan
sing suci.
12 Geni ing mesbèh kudu dijaga supaya
terus murub, ora kena mati. Saben
ésuk imam kudu numpangaké kayu
ana ing mesbèh, lan nata kurban
obongan ditumpangaké ing geni mau,
lan ngobong gajihé kurban keslametan.
13 Geniné kudu dijaga supaya tetep
murub, aja nganti mati."
14 Prenatan bab kurban dhaharan
konjuk marang Allah kuwi mengkéné:
Imam anak-turuné Harun kudu nggawa
kurban mau menyang mesbèh.
15 Banjur njupuk gandum sagegem
karo lengané zaitun lan menyané
sing temumpang ing gandum mau.
Barang-barang mau banjur diobong ing
mesbèh; mrelambangi yèn saosan kabèh
wis kasaosaké marang Allah. Gandané
kurban mau gawé renaning penggalihé
Allah.
16 Glepung turahané kudu digawé
roti tanpa ragi, lan kudu dipangan

déning para imam, ing panggonan suci,
ing plataranè Kémah Palenggahané
Allah. Kuwi bagéané para imam, sing
diparingaké déning Allah saka kurban
dhaharan. Pangan mau suci banget,
padha kaya kurban pangruwating dosa
lan kurban dhendha.
17 (6:16)
18 Saben wong lanang anak-turuné
Harun kena mangan roti mau. Sebanjuré
dadia prenatan langgeng. Wong liya
sing nggepok dhaharan sing wis dienggo
kurban, bakal ketaman bilai merga saka
daya kasucèné kurban mau.
19 Gusti Allah maringaké prenatan-
prenatan bab netepaké imam,
anak-turuné Harun, mengkéné:
20 Ing dina tetepan mau imam sing
arep ditetepaké kudu nyaosaké glepung
gandum sakilogram marang Allah.
(Padha akèhé karo kurban dhaharan
pedinan.) Sing separo kudu disaosaké
kanggo kurban ing wayah ésuk, turahané
kanggo soréné.
21 Glepung mau kudu diulet karo lenga
zaitun, banjur dipanggang, nuli diejur
lan disaosaké dadi kurban dhaharan.

Gandané kurban mau gawé renaning
penggalihé Allah.
22 Mengkono dadia prenatan langgeng;
saben turuné Harun sing dadi Imam
Agung kudu nyaosaké kurban kaya
mengkono. Kabèh kudu diobong katur
marang Allah.
23 Kurban dhaharan sing disaosaké
déning imam, kabèh kudu diobong
nganti entèk, ora ana sethithik-thithika
sing olèh dipangan.
24 Gusti Allah dhawuh marang Musa,
25 supaya mènèhaké prenatan marang
Harun lan anak-anaké bab kurban
pangruwating dosa. Kéwan sing dienggo
saos kurban pangruwating dosa kudu
disembelèh ing sisih loré mesbèh sing
kanggo ngobong kurban obongan.
Kurban mau suci banget.
26 Imam sing nyaosaké kurban kudu
mangan bagéané ana ing papan
suci, yakuwi ing plataranÉ Kémah
Palenggahané Allah.
27 Sapa waé lan apa waé sing nggepok
dagingé kéwan mau, bakal ketaman
bilai, merga saka daya kasucèné kurban
mau. Menawa ana klambi sing kecipratan

getihé kéwan mau, kudu dikumbah ing
papan sing suci.
28 Kuwali sing dienggo nggodhog
dagingé kurban mau kudu diremuk. Yèn
kuwali sing dienggo wadhah mau saka
tembaga, kudu digosok, banjur diresiki
nganggo banyu.
29 Saben wong lanang anak-turuné
imam kena mangan kurban sing suci
banget kuwi.
30 Kéwan sing getihé digawa mlebu
ing Kémah Suci lan kanggo kurban
pangruwating dosa, kudu diobong nganti
entèk, ora kena dipangan.

7 1 Prenatan bab kurban dhendha sing
suci banget kuwi mengkéné:
2 Kéwan sing dienggo kurban kudu
disembelèh ing saloré mesbèh sing
kanggo nyembelèh kurban obongan;
getihé banjur kudu disiramaké ing
sikiling mesbèh mubeng.
3 Gajihé kabèh kudu disisihaké; déné
sing kudu disaosaké ing mesbèh yakuwi
buntut sagajihé, gajih sing tumèmpèl ing
jeroan,
4 ginjel sagajihé, lan péranganė ati sing
apik dhéwé.

5 Imam kudu ngobong gajih mau kabèh
ing mesbèh, dadi kurban dhaharan
konjuk marang Allah. Mengkono mau
sing diarani kurban dhendha.
6 Saben wong lanang turuné imam kena
mangan dagingé kurban mau, nanging
kudu dipangan ing panggonan suci,
merga kurban kuwi suci banget.
7 Prenatan bab pangruwating dosa lan
kurban dhendha kuwi padha, yakuwi:
Dagingé kéwan sing dikurbanaké kuwi
dadi bagéané imam, sing ngladèkaké
kurban mau.
8 Lulangé kéwan sing disaosaké dadi
kurban obongan dadi bagéané imam
sing ngladèkaké kurban mau.
9 Kurban dhaharan sing digorèng utawa
dipanggang dadi bagéané imam sing
ngladèkaké kurban.
10 Nanging kurban dhaharan sing ora
diolah, ya sing diulet karo lenga utawa
sing garingan, dadi haké para imam
kabèh, anak-turuné Harun, lan kudu
dibagé rata.
11 Bab kurban keslametan sing
disaosaké marang Allah kuwi prenatané
mengkéné:

12 Yèn maksudé kurban mau kanggo
saos panuwun marang Allah, kurban
mau kudu dikanthèni saosan roti tanpa
ragi. Rotiné kena kandel, diolah nganggo
lenga zaitun. Kena roti tipis, angger
dilèlèti lenga, utawa panganan sing
digawé saka glepung, sing diadoni
nganggo lenga zaitun.
13 Saosan mau kudu ditambahi roti sing
diolah nganggo ragi,
14 salong kudu disisihaké dadi saosan
mligi kagem Allah. Kuwi dadi bagéané
imam sing njupuk getihé kéwan lan
nyiramaké getih mau ing sikilé mesbèh
mubeng.
15 Dagingé kéwan sing dikurbanaké
kudu dipangan ing dina kuwi uga,
sethithik waé ora kena ana sing
dingèngèh tekan ésuké.
16 Yèn ana wong sing nyaosaké kurban
keslametan kanggo ngluwari kaulé,
utawa merga kepéngin saos sukur,
kurban mau ora kudu dientèkaké ing
dina kuwi. Turahané kena dipangan
ésuké.
17 Yèn ésuké menèh meksa ora entèk,
daging sing turah kudu diobong nganti
entèk.

18 Yèn turahan mau dipangan, Allah
bakal ora kersa nampi kurban mau.
Kurban mau ora nekakaké berkah
marang wongé, malah dianggep najis.
Wong sing mangan kurban sing najis
mau bakal kaukum.
19 Daging sing najis mau iya kudu
diobong nganti entèk lan daging sing
kegepok barang sing najis ora kena
dipangan. Mung wong sing ora najis
manut prenataning agama, kena mangan
dagingé kurban keslametan.
20 Wong sing manut prenataning
agama najis, mangka mangan daginging
kurban, kuwi disébratna saka umaté
Allah.
21 Semono uga wong sing najis merga
nggepok salah sawijining barang sing
najis, sing ana ing manungsa utawa
kéwan, mangka mangan daging kurban,
iya kasébratna saka umaté Allah.
22 Gusti Allah maringaké prenatan-
prenatan mengkéné marang Musa
23 kanggo umat Israèl: Gajihé sapi,
wedhus gèmbèl utawa wedhus jawa ora
kena dipangan.
24 Bathang kéwan sing matiné lumrah
utawa merga dipatèni déning kéwan liya,

gajihé ora kena dipangan, nanging kena dienggo kepreluan liya.

25 Wong sing mangan gajihé kéwan sing kena disaosaké dadi kurban marang Allah mau, kudu disébrataké saka umaté Allah.

26 Manggona ana ing ngendi waé, wong Israèl babar-pisan ora kena mangan getihé manuk utawa getihé kéwan liya.

27 Sapa sing nerak wewaler iki kudu disébrataké saka umaté Allah.

28 Gusti Allah maringaké prenatan mengkéné marang Musa,

29 kanggo bangsa Israèl: Wong sing nyaosaké kurban keslametan kudu nyisihaké sapéranganing kurban mau dadi pisungsung mligi kagem Allah.

30 Wong mau dhéwé sing kudu nggawa kurban dhaharan kuwi. Gajih lan daging dhadhané kéwan sing dikurbanaké kudu disisihaké mligi kagem Gusti Allah.

31 Gajih mau kudu diobong déning imam ing mesbèh, nanging dagingé dhadha mau bagéané para imam.

32 Sampilé tengen kudu dipasrahaké minangka sumbangan mirunggan marang imam,

33 sing ngladèkaké getih lan gajih dadi
kurban keslametan.
34 Daging dhadha lan sampilé tengen
sing dipisungsungaké wong Israèl kuwi
didhèwèkaké kanggo para imam. Kuwi
wujudé sumbangané wong Israèl kanggo
para imam, sing kudu ditetepi ing
selawasé.
35 Yakuwi bagéané para imam saka
kurban dhaharan sing diparingaké déning
Allah marang Harun lan anak-turuné,
samasa ditetepaké dadi imam.
36 Ing dina kuwi Gusti Allah ndhawuhaké
marang umat Israèl, yèn saka kurban
sing disaosaké, pérangan mau dadia
sumbangan kanggo para imam. Prenatan
iki kudu ditetepi déning wong Israèl
selawas-lawasé.
37 Mengkono mau prenatan-prenatan
bab kurban obongan, kurban dhaharan,
kurban pangruwating dosa, kurban
dhendha, kurban tetepan lan kurban
keslametan.
38 Prenatan-prenatan mau didhawuhaké
déning Allah marang Musa ana ing
Gunung Sinai, ing segara wedhi, nalika
paring dhawuh marang bangsa Israèl
supaya padha saos kurban.

8 1 Gusti Allah ngandika marang Musa,
2 "Harun lan anak-anaké prenahna
ing lawangé Kémah Palenggahané Allah.
Nggawaa penganggoné imam, lenga
jebad, sapi lanang nom kanggo kurban
pangruwating dosa, wedhus gèmbèl loro,
lan roti tanpa ragi sewakul.
3 Sawisé kuwi umat Israèl kandhanana,
supaya nglumpuk ing panggonan kono."
4 Musa nglakoni apa sing didhawuhaké
déning Allah. Bareng umat Israèl wis
padha nglumpuk kabèh,
5 Musa banjur kandha mengkéné, "Apa
sing arep daktindakaké saiki, iki atas
dhawuhé Allah."
6 Musa banjur nganthi Harun lan
anak-anaké maju lan dikon sesuci, wisuh
manut prenatané agama.
7 Harun banjur dienggoni rangkepan lan
jubah sarta sabuk. Sawisé kuwi banjur
dienggoni éfod[d] lan lambungé disabuki,
sing digawé saka tenunan alus,

---

[d]éfod: penganggénipun imam, kados rangkepan utawi oto, ingkang nutupi dhadha. Rangkepan wau wonten kados sak, kanggé ndèkèkaken Urim lan Tumim.

8 banjur masang tutupé dhadhané. Ing
njeroné tutup dhadha mau dipasangi
Urim lan Tumim.[e]
9 Harun banjur dienggoni serban. Ing
serban sisih ngarep dipasangi rerenggan
emas. Kuwi tandhané yèn Harun wis dadi
kagungané Allah. Kabèh mau ditindakaké
déning Musa miturut dhawuhé Allah.
10 Musa banjur njupuk lenga jebad
kanggo njebadi Kémah Palenggahané
Allah lan sakèhing piranti sing ana ing
Kémah kono.
11 Lenga jebad mau salong diciprat-
cipratakė rambah ping pitu ing mesbèh
lan sakèhé pirantiné, iya ing jembangan
lan umpaké. Srana mengkono barang-
barang mau disucèkaké kagem Allah.
12 Sawisé mengkono Harun banjur
ditetepaké déning Musa, srana
ngesokaké lenga jebad ing sirahé Harun.

---

[e]Urim lan Tumim: wujudipun séla, ginanipun kanggé neges utawi nyuwun pirsa dhateng kersanipun Gusti Allah, menawi imam salebetipun ngurus setunggaling prekawis mboten ngertos sinten ingkang leres, utawi putusan menapa ingkang kedah dipun dhawahaken, margi prekawisipun mengeng.

13 Musa banjur akon anak-anaké
Harun maju, dienggoni kuluk kaya sing
didhawuhaké déning Allah marang Musa.
14 Musa banjur njupuk sapi lanang nom
siji, disaosaké dadi kurban pangruwating
dosa. Harun lan anak-anaké banjur
padha numpangaké tangané ing endhasé
sapi.
15 Sapiné nuli disembelèh. Musa njupuk
getihé sawetara, dilèlètaké nganggo
drijiné ing sungu-sungu sing ana ing
pojok-pojoké mesbèh supaya mesbèh
mau disucèkaké kagem Allah. Turahané
getih banjur disiramaké ing sikilé
mesbèh mubeng. Mengkono patrapé
mesbèh mau disucèkaké lan disaosaké
marang Allah manut prenataning Allah.
16 Sawisé kuwi Musa banjur njupuk
gajih sing nèmplèk ing jeroané sapi
sing wis disembelèh mau. Uga njupuk
péranganing ati sing apik dhéwé lan
ginjel sagajihé. Kabèh mau nuli diobong
ing mesbèh.
17 Turahané sapi mau, iya daging, lulang
sarta ususé, diobong ing sanjabané
Kémah, kaya sing didhawuhaké déning
Allah.

18 Musa banjur njupuk wedhus gèmbèl
lanang kanggo kurban obongan; Harun
lan anak-anaké padha numpangaké
tangané ing endhasé wedhus mau.
19 Musa banjur nyembelèh kéwan kuwi,
getihé disiramaké ing sikilé mesbèh
mubeng.
20 Sawisé kuwi wedhusé banjur
ditengkel-tengkel, jeroané lan sampilé
diresiki nganggo banyu. Endhas, gajih
lan turahan liyané diobong ing mesbèh
miturut dhawuhé Allah marang Musa.
Kuwi kurban dhaharan sing diobong,
lan gandané gawé renaning penggalihé
Allah.
21 (8:20)
22 Musa banjur njupuk wedhus
gèmbèl lanang sing kapindho, kanggo
netepaké imam. Harun lan anak-anaké
numpangaké tangané ana ing endhasé
kéwan mau.
23 Musa banjur nyembelèh kéwan kuwi,
lan njupuk getihé sethithik, dilèlètaké
nganggo drijiné ing kupingé Harun sing
tengen, jempolé tangan tengen lan
jempolé sikil tengen.
24 Anak-anaké Harun banjur dikon
maju. Musa banjur nglèlètaké getih ing

kupingé tengen anak-anaké Harun mau,
ing jempolé tangan tengen, sarta ing
jempolé sikil tengen.
25 Musa banjur njupuk gajihé kéwan
mau, gajih sing ana ing buntut, lan
sakèhé gajih sing nèmplèk ing jeroan;
banjur péranganing ati sing apik dhéwé,
ginjel sagajihé, sarta sampil mburi sing
tengen.
26 Nuli njupuk roti tanpa ragi saka
wakul, disaosaké marang Allah; roti
kandel siji sing diolah nganggo lenga,
lan roti tipis siji. Roti mau ditumpangaké
ing gajih lan sampilé kéwan sing dienggo
kurban mau.
27 Barang-barang mau kabèh disèlèhaké
ing tanganė Harun lan anak-anaké, sing
banjur padha nyaosaké dadi sesaosan
mligi konjuk marang Allah.
28 Sawisé mengkono Musa banjur
njupuk barang-barang mau saka
tanganė Harun lan anak-anaké, diobong
ing mesbèh, ditumpangaké ing kurban
obongan, dadi kurban tetepan. Kuwi
kurban dhaharan, sing gandané gawé
renaning penggalihé Allah.
29 Musa banjur njupuk daging dhadhané
kéwan mau lan disaosaké dadi kurban

mirunggan konjuk marang Allah. Kuwi
dadi bagéané Musa saka wedhus gèmbèl
lanang mau, sing dienggo kurban
tetepané imam. Musa nindakaké mau
kabèh kaya sing didhawuhaké déning
Allah.
30 Lenga jebad lan getihé salong
dijupuk Musa, diciprat-ciprataké marang
Harun lan anak-anaké sarta marang
penganggoné. Mengkono patrapé Musa
enggoné nucèkaké para imam lan
penganggoné konjuk marang Allah.
31 Musa banjur kandha karo Harun
lan anak-anaké, "Dagingé kurban kuwi
padha gawanen menyang lawang Kémah
Palenggahané Allah, lan olahen ana ing
kono. Sawisé kuwi padha panganen karo
roti sing ana ing wakul sing dienggo
wadhah ing upacara tetepan, kaya sing
didhawuhaké déning Allah.
32 Daging lan roti sing turah kudu
diobong nganti entèk.
33 Pitung dina lawasé kowé kabèh
ora kena metu saka lawangé Kémah
Palenggahané Allah. Sawisé upacara
tetepan iki rampung, kowé lagi kena
lunga.

34 Allah ndhawuhi kita nindakaké apa
sing kudu kita lakoni ing dina iki, kersané
supaya dosa-dosamu kabèh diapura.
35 Padha tugura ana ing lawangé Kémah
iki, rina lan wengi, lawasé pitung dina,
karo netepi apa sadhawuhé Allah.
Yèn ora mengkono kowé bakal mati.
Mengkono dhawuhé Allah marang aku."
36 Harun lan anak-anaké padha nglakoni
kabèh sing didhawuhaké déning Gusti
Allah lantaran Musa mau.

9 1 Sawisé upacara tetepan rampung,
ésuké Musa ngundang Harun lan
anak-anaké, sarta para pinituwané umat
Israèl.
2 Musa kandha karo Harun, "Njupuka
pedhèt lanang nom siji lan wedhus
gèmbèl lanang siji sing tanpa cacad,
kanggo kurban obongan konjuk marang
Allah. Sapiné lanang kanggo kurban
pangruwating dosa, lan wedhusé gèmbèl
kanggo kurban obongan.
3 Umat Israèl konen nggawa wedhus
lanang siji, kanggo kurban pangruwating
dosa, pedhèt siji lan cempé siji,
loro-loroné umur setaun lan tanpa
cacad.

4 Banjur sapi lanang siji lan wedhus
lanang siji, kanggo kurban keslametan.
Kéwan-kéwan mau kudu dienggo kurban
konjuk marang Allah, bebarengan karo
kurban dhaharan sing dicarub karo
lenga. Kuwi kudu ditindakaké, merga ing
dina iki Allah bakal ngrawuhi umaté."
5 Kabèh sing didhawuhaké Musa mau
padha digawa ing ngarep Kémah lan
umat kabèh padha nglumpuk ing kono,
padha sungkem sujud marang Allah.
6 Musa banjur kandha, "Kowé didhawuhi
nindakaké kuwi mau kabèh, supaya
kowé bisa padha weruh kamulyané Allah
sing ngéram-éramaké."
7 Banjur clathu karo Harun, "Menyanga
mesbèh, kurban pangruwating dosa
lan kurban obongan iki saosna, supaya
olèh pangapuraning dosamu lan dosané
umat. Tindakna manut dhawuhé Allah."
8 Harun nuli mangkat lan nyembelèh
sapi lanang kanggo kurban pangruwating
dosané dhéwé.
9 Sawisé mengkono getihé kéwan mau
digawa anak-anaké marang Harun.
Harun nyelupaké drijiné ing getih mau,
dilèlètaké ing sungu-sungu ing pojoké

mesbèh. Turahané disiramaké ing sikilé
mesbèh mubeng.
10 Gajih, ginjel lan pérangané ati sing
apik dhéwé diobong ing mesbèh, kaya
sing didhawuhaké déning Allah marang
Musa.
11 Nanging daging lan lulangé kéwan
mau diobong ing sanjabané Kémah.
12 Harun banjur njupuk kéwan sing arep
dienggo kurban obongan kanggo awaké
dhéwé, nuli disembelèh. Getihé digawa
déning anak-anaké dipasrahaké marang
Harun. Harun nyiramaké getih mau ing
lambungé mesbèh mubeng.
13 Endhas lan pérangan-pérangan liyané
uga dipasrahaké marang Harun, banjur
diobong ing mesbèh.
14 Jeroan lan sampilé kéwan mau
banjur diresiki, nuli diobong ing mesbèh,
ditumpangaké ana ing turahané kurban
obongan.
15 Sawisé rampung, Harun banjur
nyaosaké kurban kanggo umat Israèl.
Wedhus sing arep dienggo kurban
kanggo pangruwating dosa banjur
dijupuk, disembelèh lan disaosaké,
patrapé kaya enggoné nyaosaké kurban

pangruwating dosa kanggo dhèwèké
dhéwé.
16 Uga kéwan sing arep kanggo kurban
obongan dijupuk, banjur disaosaké
manut prenatan.
17 Uga disaosaké kurban dhaharan.
Glepungé dijupuk segegem, banjur
diobong ing mesbèh, kanggo tambahané
kurban obongan pedinan.
18 Harun banjur nyembelèh sapiné
lanang sing kanggo kurban keslametan
tumrap umat Israèl. Getihé kéwan mau
diteraké déning anak-anaké; sawisé
ditampani, getih mau banjur disiramaké
ing lambungé mesbèh mubeng.
19 Gajihé sapi lan wedhus mau
ditumpangaké ing dhadhané kéwan loro
sing disembelèh mau,
20 banjur digawa menyang mesbèh.
Gajihé banjur diobong ing mesbèh,
21 nanging dagingé dhadha lan sampilé
mburi dipasrahaké marang para imam,
dadi pisungsung mirunggan marang
Allah, kanggo para imam, kaya sing
didhawuhaké marang Musa.
22 Sawisé kurban mau kabèh
diladèkaké, Harun banjur ngangkat

tangané lan mberkahi umat Israèl, nuli
mudhun.
23 Musa lan Harun banjur mlebu ing
Kémah Palenggahané Allah. Sametuné
saka kono banjur mberkahi umat. Cahya
kamulyané Allah ngetingal mblerengi
para umat sing padha ana ing kono.
24 Dumadakan Allah nekakaké geni saka
ing langit lan ngobong kurban obongan
lan sakèhé kang ana ing mesbèh. Weruh
lelakon mengkono mau wong kabèh
padha giyak-giyak lan banjur sungkem
sujud marang Allah.
10 1 Ing sawijining dina Nadab lan
Abihu, loro-loroné anaké Harun,
padha nggawa pedupané dhéwé-dhéwé,
banjur diisèni mawa ditumpangi menyan
katur marang Allah. Nanging geni mau
séjé, dudu geni suci, nyulayani karo
dhawuhé Allah.
2 Sanalika Allah nekakaké geni sing
mbrangas wong loro mau nganti mati
ngenggon, ana ing Kémah Palenggahané
Allah kono.
3 Musa banjur kandha karo Harun, "Ya
iki sing dikersakaké déning Allah nalika
ngandika, ‘Kabèh wong kang leladi
kanggo Aku kudu ngurmati kasucèn-Ku;

Aku bakal ngetingalaké kamulyan-Ku
marang umat-Ku.'" Nanging Harun
meneng waé.
4 Mulané Musa banjur ngundang
Misaèl lan Èlsafan, anak-anaké Uzièl,
pamané Harun. Kandhané Musa, "Jisimé
sedulurmu gawanen metu saka Kémah
Suci menyang sanjabané Kémah."
5 Nuli padha tumandang; jisimé
digotong dilambari nganggo sandhangan
sing dienggo, digawa metu saka Kémah,
kaya sing didhawuhaké Musa.
6 Musa banjur kandha karo Harun
lan anak-anaké sing isih urip, yakuwi
Èléazar lan Itamar, "Awas, rambutmu
aja kokadhul-adhul lan klambimu
aja koksuwèk kanggo nélakaké
kasusahanmu. Yèn nglakoni mengkono
kowé bakal mati, lan umat Israèl kabèh
bakal kena bebenduné Allah. Wong
Israèl liyané kena nangisi patiné wong
loro sing kebrangas geniné Allah mau.
7 Nanging kowé, Harun lan anakmu loro
aja metu saka Kémah Suci, supaya aja
mati, merga kowé wis padha dijebadi
lan wis dipiji ngladosi Allah." Harun
lan anak-anaké padha nurut marang
kandhané Musa.

8 Gusti Allah ngandika marang Harun,
9 "Kowé lan anak-anakmu samasa
arep mlebu ing Kémah Suci aja padha
ngombé anggur utawa ombèn-ombèn
liyané sing mendemi. Yèn wewaler iki
kokterak kowé bakal mati. Dhawuh iki
prenatan kanggo ing selawasé, kanggo
anak-turunmu kabèh.
10 Kowé wajib mbédakaké samubarang
sing sengkeran, yakuwi sing mligi kagem
Allah, lan sing lumrah; sing suci lan sing
najis.
11 Sakèhing prenatan sing wis
Dakdhawuhaké lantaran Musa, kudu
kokwulangaké marang umat Israèl."
12 Musa clathu karo Harun lan anak-
anaké, yakuwi Èléazar lan Itamar,
"Turahané kurban gandum sing
disaosaké marang Allah kuwi jupuken,
gawénen roti tanpa ragi lan panganen
ing sacedhaké mesbèh, merga kurban
kuwi suci banget.
13 Roti mau panganen ing panggonan
suci. Kuwi pancèn bagéanmu, Harun,
lan anak-anakmu lanang, saka dhaharan
sing disaosaké marang Allah. Mengkono
dhawuhé Allah marang aku.

14 Déné daging dhadha lan sampilé
mburi kéwan sing digawé kurban kuwi
kena kokpangan karo anak-anakmu
lanang lan wadon. Kuwi saosan mligi
marang Allah, sing disumbangaké
kanggo para imam. Kuwi kena
kokpangan ing sedhéngah panggonan
sing suci. Saosan mau diparingaké
marang kowé lan anak-anakmu dadi
bagéanmu, saka kurban keslametan sing
disaosaké déning umat Israèl.
15 Sampil mburi lan daging dhadha kuwi
kudu diteraké marang kowé, samasa
gajihé kéwan mau diobong minangka
kurban dhaharan kagem Allah. Kuwi
hakmu lan haké anak-anakmu ing
selawasé, kaya sing didhawuhaké déning
Allah."
16 Sawisé kuwi Musa nakokaké ana
ing endi wedhus sing arep dienggo
kurban pangruwating dosa. Dikandhani
yèn wedhusé wis diobong. Musa nepsu
marang Èléazar lan Itamar,
17 "Yagéné kurban pangruwating dosa
kuwi ora kokpangan ing panggonan suci
kana? Kurban mau suci banget, lan Allah
wis maringaké marang kowé, supaya
umat Israèl olèh apuraning dosa.

18 Sarèhné getihé kéwan kuwi ora
digawa menyang Kémah Suci, kuduné
kurban mau kokpangan ana ing kana,
kaya sing dakkandhakaké."
19 Wangsulané Harun, "Ing dina iki
umat Israèl rak wis nyaosaké kurban
pangruwating dosa lan kurban obongan
sumaos marang Allah? Apa aku iya
isih bakal ketaman bebenduné Allah?
Saupama ing dina iki uga aku mangan
kurban pangruwating dosa apa bisa
gawé renaning penggalihé Allah?"
20 Musa nyarujuki usulé Harun mau.

11

1 Gusti Allah maringaké prenatan
marang Musa lan Harun kanggo
bangsa Israèl mengkéné:
2 Kéwan-kéwan dharatan, sing
nggayemi lan tracaké belah, kuwi kabèh
kalal, dadi kena dipangan.
3 (11:2)
4 Nanging unta, kancil lan marmut
ora kena dipangan. Kéwan-kéwan mau
kudu dianggep karam, merga senajan
nggayemi, tracaké ora belah.
5 (11:4)
6 (11:4)

[7] Babi iya ora kena dipangan; kudu
dianggep karam, merga senajan tracaké
belah, babi kuwi ora nggayemi.
[8] Kéwan-kéwan sing mengkono kuwi
ora kena dipangan, utawa digepok
bathangé, merga kéwan-kéwan mau
karam.
[9] Sakèhé iwak sing ana kèpèté lan ana
sisiké, kena dipangan.
[10] Nanging sakèhé kéwan sing urip
ing banyu, sing ora nganggo kèpèt lan
sisik, kudu dianggep karam, dadi ora
kena dipangan lan bathangé ora kena
digepok.
[11] (11:10)
[12] (11:10)
[13] Kowé ora kena mangan bangsané
manuk-manuk iki: manuk garudha,
manuk bidho, bangsané wulung, gagak
lan manuk unta, manuk tahmas,[f] blekok
lan sakèhé manuk bangsané bango,
kuntul, drembolok lan kalong.
[14] (11:13)
[15] (11:13)
[16] (11:13)

---

[f]tahmas: namanipun peksi, bangsanipun gagak, sabanipun ing wanci dalu; remenanipun nedha daging, malah bathang inggih purun.

17 (11:13)
18 (11:13)
19 (11:13)
20 Kabèh kéwan gumremet sing
nganggo swiwi kudu dianggep karam,
kejaba sing bisa mencolot, kayata:
walang, jangkrik, walang kadung, kuwi
kena kokpangan.
21 (11:20)
22 (11:20)
23 (11:20)
24 Yèn nganti nggepok bathangé
kéwan-kéwan sing nganggo tracak
(kejaba kéwan sing tracaké belah lan
nggayemi), sarta kéwan sikil papat sing
ana cakaré, kowé dadi najis tekan wayah
surup. Sing sapa nggawa bathangé
kéwan-kéwan mau, sandhanganė kudu
dikumbah, lan iya dianggep najis tekan
wayah surup.
25 (11:24)
26 (11:24)
27 (11:24)
28 (11:24)
29 Tikus lumrah, tikus wirog,
tikus pithi lan kadhal, sarupaning
(sawernaning) kodhok, landhak,

menyawak, bengkarung, kéyong lan
bunglon kudu dianggep najis.
30 (11:29)
31 Sing sapa nggepok bathangé
kéwan-kéwan mau dadi najis tekan
surup.
32 Yèn bathangé kéwan kuwi nibani
sawenèhing barang, barang mau dadi
najis. Barang lan piranti apa waé, sing
ketiban dadi najis lan kudu dikumbah
nganggo banyu. Senajan wis dikumbah,
barang mau tetep najis tekan surup, iya
piranti sing digawé saka kayu, tenunan,
kulit, utawa saka bagor.
33 Yèn bathangé kéwan mau
kacemplung ing kuwali, kuwali
saisiné dadi najis kabèh. Kuwali mau
kudu diremuk.
34 Panganan sing lumrahé kena
dipangan, nanging yèn kesiram banyuné
kuwali mau, dadi najis; semono
uga ombèn-ombèn ing wadhah sing
kecemplungan bathang mau, iya dadi
najis.
35 Sakèhé barang sing ketiban bathang
kaya mengkono mau dadi najis. Anglo
lan luweng sing ketiban kudu diremuk.

36 Sakèhé barang sing kegepok bathang
mau dadi najis, kejaba etuk utawa
sumur, kuwi dianggep tetep resik.
37 Yèn bathang mau nibani wiji sing
arep disebar, wiji mau tetep resik.
38 Nanging yèn wiji mau lagi dikum ing
banyu, mangka ketiban bathang, wijiné
dadi najis.
39 Wong sing nggepok bathangé kéwan
sing kalal dadi najis tekan wayah surup.
40 Wong sing mangan bathang mau,
pérangan sing ngendi waé, kudu
ngumbah sandhangané, éwasemono
tetep najis tekan surup.
41 Kéwan cilik sing gemrayah ing lemah,
42 iya sing nggremet, sing sikil papat
apa déné sing sikil akèh, kabèh karam.
43 Kowé ora kena mangan bangsané
kéwan-kéwan mau supaya ora dadi
najis.
44 "Aku iki Allahmu, mulané awakmu
reksanen supaya tetep suci, merga Aku
iki suci.
45 Aku iki Allah sing ngirid lakumu
kabèh metu saka tanah Mesir, supaya
Aku jumeneng dadi Allahmu. Kowé
padha dadia suci, merga Aku iki suci."

46 Kaya mengkono prenatan bab kéwan
dharatan lan bangsané manuk, kéwan
sing urip ing banyu lan sakèhé kéwan
gumremet.
47 Kowé padha mbédakna sing tliti,
endi kéwan sing kalal lan endi sing najis
utawa karam.

12 1 Gusti Allah maringaké prenatan
marang Musa
2 kanggo bangsa Israèl mengkéné: Yèn
ana wong wadon duwé anak, mangka
metu lanang, wong kuwi najis, padha
karo yèn nggarap sari, lawasé pitung
dina.
3 Ing dina kaping woluné bayi mau kudu
ditetaki.
4 Sabubaré duwé anak wong mau
dianggep najis lawasé telung puluh telu
dina, merga ngetokaké getih. Sawisé
mampet enggoné ngetokaké getih, wong
wadon mau lagi dadi resik. Sadurungé
resik, ora kena nggepok barang sing
kanggo ing pangibadah, lan ora kena
mlebu ing Kémah Suci.
5 Yèn bayiné wadon, wong kuwi najis,
kaya yèn lagi nggarap sari, lawasé
patbelas dina. Sawisé bayèn wong
wadon mau dianggep najis, lawasé

sewidak dina, merga ngetokaké getih;
sawisé kuwi lagi dianggep resik.
6 Yèn upacara pasucèné wis rampung,
dadia anaké lanang utawa wadon, wong
wadon mau kudu saos pisungsung
marang imam ing lawanging Kémah
Palenggahané Allah. Pisungsung mau
rupa cempé, umur setaun, kanggo
kurban obongan, lan manuk dara
utawa manuk deruk siji kanggo kurban
pangruwating dosa.
7 Imam kudu nyaosaké pisungsung kuwi
marang Allah lan nindakaké upacara
pambirating najisé wong wadon mau,
supaya dadi resik manut prenataning
agama. Mengkono sing kudu ditindakaké
déning wong wadon sawisé duwé anak.
8 Yèn wong wadon mau ora duwé ragad
kanggo nganakaké cempé, kudu nggawa
manuk dara utawa manuk drekuku
loro; sing siji kanggo kurban obongan,
sijiné kanggo kurban pangruwating
dosa. Imam kudu nindakaké upacara
pambirating najisé wong wadon mau,
supaya dadi resik.

13 1 Gusti Allah maringaké prenatan
marang Musa lan Harun
mengkéné:

2 Yèn ana wong sing kulité mlenthung,
boroken, utawa metu blentong-
blentongé putih, bisa uga dadi winihé
lelara kusta. Wong mau kudu disowanaké
imam, anak-turuné Harun,
3 supaya kulité sing lara mau dipriksa.
Yèn wulu ing kulité sing lara mau
malih dadi putih, lan kulit katoné lekok
ketimbang karo kulit ing kiwa-tengené,
kuwi tandha yèn wong mau lara kusta.
Imam banjur netepaké yèn wong kuwi
najis.
4 Nanging yèn pérangané kulit sing
putih mau ora lekok ketimbang karo
kulit ing kiwa-tengené lan wuluné ora
malih dadi putih, wong mau kudu dipisah
lawasé pitung dina.
5 Sawisé pitung dina imam kudu
mriksa wong mau menèh. Yèn miturut
panemuné kulit sing lara mau rupané
ajeg waé, dadi ora mrèmèn, wong kuwi
kudu dipisah pitung dina menèh.
6 Sawisé pitung dina, imam kudu mriksa
wong mau menèh. Déné yèn larané
suda, lan ora mrèmèn, wongé ditetepaké
resik déning imam, tegesé lara kulit
mau ora mbebayani. Wong mau kudu

ngumbah sandhangané lan dianggep
resik.
7 Nanging yèn sawisé ditetepaké resik
déning imam, larané kulit mau mbabrah,
wongé kudu mriksakaké menèh marang
imam.
8 Imam kudu mriksa menèh, lan yèn
laranè mbabrah temenan, wongé kudu
ditetepaké najis, lan cetha yèn lara
kusta.
9 Wong sing nandhang lara kusta, kudu
disowanaké imam.
10 Imam banjur mriksa. Yèn kulit sing
lara mau malih putih, lan wuluné uga
dadi putih sarta metu korèngé,
11 kuwi nélakaké yèn wongé lara kulit.
Imam kudu netepaké wong mau najis.
Wongé ora prelu dipisahaké (dikurung),
awit wis cetha yèn najis.
12 Yèn kulit sing katon putih mau
mbabrah saawak sekojur,
13 imam kudu mriksa wong mau menèh.
Yèn laranè mau wis mrèmèn ngebeki
awak sekojur lan kulité wis rata putih
kabèh, wongé ditetepaké resik.
14 Nanging yèn metu korèngé, imam
banjur kudu mriksa menèh. Lan yèn
pancèn korèng, wongé kudu ditetepaké

najis, merga korèng kuwi nélakaké yèn
wongé lara kusta.
15 (13:14)
16 Nanging yèn korèngé mari, lan dadi
putih menèh, wongé kudu ngadhep
marang imam menèh,
17 supaya dipriksa. Yèn tetéla korèngé
wis dadi putih, imam banjur netepaké
wongé mau resik.
18 Yèn ana wong wudunen, wis mari,
19 nanging tilasé wudun mau abuh, lan
rupané putih, utawa putih semu abang,
wong mau kudu énggal-énggal sowan
imam,
20 supaya dipriksa. Yèn kulit sing lara
mau lekok ketimbang karo kulit ing
sakiwa-tengené, sarta wulu sing ana
ing kono malih dadi putih, imam kudu
netepaké wong mau najis. Wudun kuwi
tandhané yèn wong mau lara kusta.
21 Nanging yèn manut pepriksan, wulu
sing ana ing kono ora malih putih, lan
panggonan kono ora lekok ketimbang
karo kulit ing kiwa-tengené, nanging
katon luwih putih, wong mau kudu
dipisahaké lawasé pitung dina.

22 Yèn malané mrèmèn, imam kudu
netepaké wong mau najis, merga lara
kusta.
23 Nanging yèn tilasé wudun mau ora
mrèmèn, wong kuwi ditetepaké resik.
24 Yèn wong kulité kobong, lan tatuné
kulit mau katon putih utawa putih semu
abang,
25 wongé kudu dipriksa déning imam.
Yèn wulu ing tatu mau dadi putih, lan
tatuné lekok ketimbang karo kulit ing
kiwa-tengené, kuwi tandha yèn tatu sing
merga saka kobong mau saiki dadi lelara
kusta. Mulané imam kudu netepaké
wong kuwi najis.
26 Nanging yèn wulu ing tatu mau malih
dadi putih, lan ora lekok ketimbang karo
kulit ing kiwa-tengené, wong mau kudu
dipisahaké lawasé pitung dina.
27 Let pitung dina imam kudu mriksa
wong mau menèh, lan yèn larané
pancèn mrèmèn temenan, kuwi tandha
yèn wong mau lara kusta. Imam kudu
netepaké wong mau najis.
28 Nanging yèn ajeg waé lan ora
mrèmèn, lan mung belang, tandha yèn
dudu lara kusta. Imam banjur kudu

netepaké wong mau resik, awit malané
mau mung tatu merga gosong.
29 Yèn ana wong lanang utawa wadon
lara kulit ing sirah utawa gulu,
30 wongé kudu dipriksakaké imam.
Yèn panggonan sing lara mau lekok
ketimbang karo kulit ing kiwa-tengené,
lan rambut sing ana ing kono malih dadi
kuning sarta rontog, kuwi tandha yèn
wongé lara kusta. Wongé mau kudu
ditetepaké najis.
31 Yèn miturut pepriksané imam
panggonan sing lara mau ora lekok
ketimbang karo kiwa-tengené, nanging
rambuté ora subur, wongé kudu
dipisahaké pitung dina.
32 Sawisé pitung dina imam kudu
mriksa panggonan sing lara mau menèh.
Yèn larané ora mrèmèn lan rambuté ora
malih semu kuning, apa menèh ora lekok
ketimbang karo kulit ing kiwa-tengené,
33 wong mau kudu dicukur rambuté sing
ana ing kiwa-tengené panggonan sing
lara mau, lan kudu dipisahaké menèh
pitung dina.
34 Ing dina kapituné, imam kudu mriksa
menèh. Yèn larané ora mrèmèn lan
kulité ing kono ora lekok ketimbang

karo kulit ing kiwa-tengené, wong mau
ditetepna resik. Wongé banjur kudu
ngumbah sandhangané.
35 Nanging yèn larané mrèmèn sawisé
wong mau ditetepaké resik,
36 imam wis ora prelu mriksa apa
rambuté wong mau malih semu kuning
apa ora, merga wis cetha yèn wong kuwi
najis.
37 Nanging yèn manut penemuné imam,
laranè ora mrèmèn, lan rambut ing kono
subur, kuwi tandha yèn laranè wis mari,
lan imam kudu netepaké wong kuwi
resik.
38 Yèn ana wong lanang utawa wadon
sing kulité pating blentong,
39 wong mau kudu dipriksakaké imam.
Yèn blentongé mung semu putih, kuwi
mung panu, lan wongé ditetepaké resik.
40 Yèn wong lanang sirahé buthak, sisih
ngarep utawa mburi, wong mau ora najis
merga saka enggoné buthak.
41 (13:40)
42 Nanging yèn panggonan sing buthak
mau ana tatuné putih semu abang, wong
kuwi lara kusta.
43 Mulané kudu dipriksakaké imam, lan
yèn ketitik ana tatuné putih semu abang,

44 imam kudu netepaké wong kuwi
najis, merga nandhang lara kusta ing
sirahé.
45 Wong sing lara kusta, kudu nganggo
sandhangan sing pating srempal, lan
ora kena njungkati rambuté. Rainé sing
ngisor kudu ditutupi, sarta alok-alok,
"Najis! Najis!"
46 Selawasé nandhang lelara mau, wong
kuwi najis, wongé kudu manggon ing
njaban désa, adoh saka wong liya-liyané.
47 Yèn ana sandhangan sing amoh
utawa suwèk, dadia sing digawé saka
wol utawa léna,
48 benang tenun utawa kulit,
49 yèn panggonan sing amoh mau
rupané semu ijo utawa semu abang,
kuwi ateges ana budhugé sing wis
mrèmèn; kudu dipriksakaké imam.
50 Imam kudu mriksa barang mau lan
nyingkiraké pitung dina.
51 Let pitung dina kudu dipriksa menèh,
lan yèn rusaké wis semrambah, barang
mau kudu dianggep najis.
52 Yèn wis kaya ngono mung kudu
diobong.
53 Nanging yèn manut pemriksané
imam rusaké ora semrambah,

54 imam kudu kongkonan ngumbah
barang mau lan nyingkiraké lawasé
pitung dina.
55 Sawisé kuwi imam kudu mriksa
menèh. Yèn panggonan sing rusak
wernané ora malih, senajan rusaké ora
mrèmèn, barang mau isih najis, dadi
kudu diobong, ora preduli sing rusak
mau pérangan sing ngarep apa sing
mburi.
56 Nanging yèn manut pemriksané
imam rusaké ajeg, imam kudu nyuwèk
pérangan sing rusak mau, dadia barangé
saka tenun utawa saka kulit.
57 Yèn panggonan sing disuwèk mau
katon rusak menèh, kuwi tandha yèn
rusaké mrèmèn. Barang mau kudu
diobong déning sing duwé.
58 Yèn sawisé dikumbah rusaké ilang,
barang mau kudu dikumbah menèh.
Sawisé kuwi lagi dianggep resik
temenan.
59 Mengkono prenatan bab sandhangan
sing meprel, sing digawé saka léna
utawa saka wol lan sedhéngah barang
sing digawé saka kulit.

14 1 Gusti Allah maringaké prenatan-
prenatan marang Musa,

2 bab upacara mbirat najisé wong sing
wis mari enggoné nandhang lara kusta.
Wongé kudu ngadhep marang imam,
supaya imam netepaké yèn wong mau
ing dina kuwi wis resik.
3 Imam kudu ngajak wong mau metu
saka désa, banjur dipriksa. Yèn larané
wis mari temenan,
4 imam kudu ngandhani wongé, supaya
nggawa manuk sing ora karam rong iji,
karo kayu cemara Libanon satengkel, tali
abang lan gagangé suket hisop siji.
5 Manuké sing siji kudu disembelèh ana
ing kuwali saka lemah, sing isi banyu
resik saka sumur.
6 Manuk liyané kudu dicelupaké ing
getihé manuk sing wis disembelèh mau,
bareng karo kayuné cemara, tali abang
lan gagangé hisop.
7 Getihé manuk sing ana ing kuwali
mau kudu dikepyur-kepyuraké déning
imam menyang wong sing wis waras
mau rambah ping pitu. Imam banjur
netepaké yèn wong mau wis resik.
Sawisé kuwi manuk sing isih urip mau
diculaké ana ing ara-ara.
8 Wongé banjur dikon ngumbah
sandhangané, nyukur sirahé lan adus.

Wong kuwi saiki resik lan kena mlebu
ing désa, éwasemono durung kena
mulih manggon ing omahé dhéwé nganti
pitung dina lawasé.
9 Sawisé pitung dina wong mau kudu
nyukur sirahé menèh, semono uga
jénggoté, alisé lan kabèh wulu ing
badané sekojur. Sawisé kuwi kudu
ngumbah sandhangané, banjur adus.
Sawisé mengkono wong mau dadi resik
manut prenataning agama.
10 Ing dina kaping woluné wong mau
kudu nggawa cempé lanang loro, cempé
wadon siji, umur setaun, sing tanpa
cacad, karo glepung telung kilogram,
sing wis diulet karo lenga zaitun, sarta
lenga zaitun sapratelon liter.
11 Imam kudu nggawa wongé lan
pisungsungé menyang lawangé Kémah
Palenggahané Allah.
12 Cempéné lanang siji lan lengané
zaitun sapratelon liter mau kudu
disaosaké déning imam dadi kurban
dhendha. Kurban kuwi pisungsung mligi
konjuk marang Allah lan dadi bagéané
imam.
13 Imam kudu nyembelèh cempéné
ing panggonan suci, sing adaté kanggo

nyembelèh kéwan sing dienggo kurban
obongan. Cempé mau kudu disembelèh
ing kono, merga kurban dhendha lan
kurban pangruwating dosa kuwi suci
banget, lan dadi bagéané imam.
14 Imam kudu ndulit getihé cempé mau
lan nglèlètaké ing kupingé tengen wong
sing arep ditetepaké resik mau, semono
uga jempolé tangan tengen, lan jempolé
sikil tengen.
15 Imam banjur ngesok lengané zaitun
sethithik ing èpèk-èpèké kiwa.
16 Sarta nyelupaké drijiné tengen siji
ing lenga sing ana ing èpèk-èpèké kiwa,
banjur ngepyur-ngepyuraké lenga mau
rambah ping pitu ing njeron Kémah
Palenggahané Allah.
17 Imam banjur ndulit lenga sing ana
ing èpèk-èpèké karo getihé cempé mau,
dilèlètaké ing kupingé tengen wong mau,
jempolé tangan tengen lan jempolé sikil
tengen.
18 Turahané lenga sing ana ing tangané
imam banjur diusapaké ing sirahé wong
mau. Kaya mengkono patrapé nindakaké
upacara sesuci manut prenataning
agama.

19 Sawisé mengkono imam banjur
nyaosaké kurban pangruwating dosa
lan nindakaké upacara sesuci manut
prenataning agama. Imam banjur kudu
nyembelèh kéwan sing arep dienggo
kurban obongan,
20 lan nyaosaké kurban mau bebarengan
karo kurban gandum ing mesbèh. Kaya
mengkono patrapé nindakaké upacara
sesuci manut prenataning agama,
supaya wongé dadi resik.
21 Yèn wongé mau ora duwé, lan ora
kuwat nyaosaké kurban rupa kéwan
telung iji, kaya sing ditetepaké, cukup
nyaosaké cempé lanang siji waé. Kanggo
kurban gandum cukup nyaosaké glepung
sakilogram, sing diulet karo lenga zaitun;
lan lenga zaitun sapratelon liter.
22 Kejaba kuwi iya kudu nyaosaké
manuk dara utawa manuk drekuku loro;
sing siji kanggo kurban pangruwating
dosa, sijiné kanggo kurban obongan.
23 Saosan mau kabèh kudu dipasrahaké
marang imam ing lawangé Kémah Suci,
nunggal dina karo upacara pasucèné.
24 Cempé lan lengané zaitun kudu
disaosaké déning imam dadi saosan

mligi konjuk marang Allah; barang mau
dadi bagéané imam.
25 Imam banjur kudu nyembelèh cempé
mau, lan nglèlètaké getihé sethithik ana
ing kupingé tengen wong sing lagi arep
disucèkaké, semono uga ing jempolé
tangan tengen, lan jempolé sikil tengen.
26 Imam kudu ngesokaké lengané
zaitun ing èpèk-èpèké dhéwé sing kiwa,
27 banjur nyelupaké drijiné tengen siji
ing lenga mau, dikepyur-kepyuraké
rambah ping pitu ing njeron Kémah
Palenggahané Allah.
28 Lenga mau salong ana sing diusapaké
wongé, ing panggonan sing mauné
diusapi nganggo getih, yakuwi: kuping
tengen, jempol tangan tengen, lan
jempol sikil tengen wong sing lagi arep
disucèkaké.
29 Turahané lenga sing ana ing tangané
imam kudu diusapaké ing sirahé wongé.
Kaya mengkono patrapé nindakaké
upacara sesuci manut prenataning
agama.
30 Sawisé kuwi imam kudu nyaosaké
salah siji dara utawa drekuku mau,
31 dienggo kurban pangruwating dosa;
sijiné kanggo kurban obongan. Kaya

mengkono patrapé imam enggoné
nindakaké upacara sesuci manut
prenataning agama.
32 Mengkono prenatané ngresiki wong
sing mauné lara kusta, mangka ora
kuwat nyaosaké kurban-kurban sing
ditetepaké kanggo upacara sesuci.
33 Gusti Allah ndhawuhaké marang
Musa lan Harun prenatan bab omah sing
kena ing lelara budhug.
34 "Samasa bangsa Israèl wis manggon
ing Kenaan, tanah sing dijanjèkaké
déning Gusti Allah.
35 Sing sapa ngonangi tandha-tandhané
lelara budhug ing omahé, kudu lapur
karo imam.
36 Sadurungé teka dhéwé mriksa, imam
kudu akon ngetok-etokaké isining omah
kabèh. Yèn ora ditokaké, barang-barang
mau bakal ditetepaké najis. Imam kudu
teka mriksa omah mau,
37 endi sing kena ing lelara budhug. Yèn
ana blentongé, rupané semu ijo utawa
semu abang,
38 imam kudu nutup omah mau lawasé
pitung dina.
39 Let pitung dina imam kudu teka
mriksa menèh. Yèn blentongé mrèmèn,

40 imam kudu mréntahaké ndhodholi
bata lan lépané témbok sing blentong
mau lan dibuwang ing sanjabané kutha
ing panggonan sing najis.
41 (14:40)
42 Bata sing dibuwang mau diganti bata
anyar lan dilépa nganggo lépa anyar.
43 Yèn témbok mau ana blentongé
menèh, mangka bata lan lépané sing
lawas wis dibuwang,
44 imam kudu teka mriksa menèh.
Yèn blentongé wis mrèmèn tekan
ngendi-endi, omah mau ditetepaké najis
45 lan kudu dibrukaké. Kayu, bata lan
lépané kabèh kudu dibuwang ing njaban
kutha, ing panggonan sing najis.
46 Sadurungé dibrukaké, sapa waé sing
mlebu ing omah tutupan mau dadi najis
nganti wayah surup.
47 Sing sapa turon utawa mangan
ing omah mau sandhangané kudu
dikumbah.
48 Yèn sawisé dilépa témboké mari
blentongé, imam kudu teka mriksa
lan netepaké omah mau resik, merga
blentongé wis ilang babar pisan.
49 Saraté netepaké omah mau resik
manut prenataning agama kuwi

mengkéné: Imam kudu njupuk manuk loro, kayu cemara Libanon, tali abang lan gagang hisop.
50 Manuk sing siji kudu disembelèh ing kuwali sing isi banyu resik saka sumur.
51 Kayuné cemara, tali abang, gagangé hisop lan manuk sing isih urip kudu dicemplungaké ing getihé manuk sing disembelèh lan ing banyu resik mau. Banyuné banjur diciprat-ciprataké ing omahé nganti rambah ping pitu.
52 Manuké sing isih urip banjur diculaké déning imam ing ara-ara sanjabané kutha. Mengkono patrapé imam enggoné nindakaké upacara nucèkaké omah supaya omah mau resik manut prenataning agama.
53 (14:52)
54 Mengkono prenatan bab lara kusta,
55 plenthing, gudhig, korèng, panu utawa abuh, bab sandhangan lan omah sing kena lelara budhug.
56 (14:55)
57 Prenatan-prenatan kuwi kanggo dhasar netepaké najis lan orané sawijining barang, manut prenataning agama."

15 [1] Gusti Allah ndawuhaké marang
Musa lan Harun, prenatan-
prenatan
[2] kanggo bangsa Israèl, mengkéné:
"Umbel sing metu saka planangan kuwi
najis,
[3] iya sing ndlèwèr metu dhéwé, utawa
sing kandheg, ora bisa metu, kuwi tetep
najis.
[4] Peturon sing dilungguhi utawa dituroni
wong mau uga dadi najis.
[5] Sapa sing nggepok wongé, nggepok
peturoné utawa lungguh ing kono, utawa
kena iduné, kudu ngumbah sandhangané
lan kudu adus, sarta dadi najis tekan
surup.
[6] (15:5)
[7] (15:5)
[8] (15:5)
[9] Lapak lan kursi sing dilungguhi wong
sing kaya ngono mau uga dadi najis.
[10] Sapa sing nggepok utawa sing
ngangkat barang sing mentas dilungguhi
utawa digepok wong mau, mangka ora
wisuh tangan, kuwi najis tekan surup.
Wong kuwi kudu ngumbah sandhangané
lan adus; sarta najis tekan surup.
[11] (15:10)

12 Grabah sing digepok wong sing kena
memala mau kudu diremuk, baki saka
kayu sing mentas dicekel kudu diasahi.
13 Yèn wong sing kena memala
ngetokaké umbel mau wis mari, kudu
ngentèni pitung dina. Sawisé kuwi kudu
ngumbah sandhangané lan adus ing
sumur, lagi dadi resik manut prenataning
agama.
14 Ing wolung dinané wong mau kudu
nggawa manuk dara utawa manuk
drekuku loro menyang lawanging Kémah
Suci, dipasrahaké marang imam.
15 Imam kudu nyaosaké manuk-
manuk mau, sing siji kanggo kurban
pangruwating dosa, sijiné kanggo kurban
obongan. Mengkono patrapé nindakaké
upacara pasucèn kanggo wong sing
kena memala mau, manut prenataning
agama.
16 Wong lanang sing ngetokaké mani
kudu ngresiki awaké sekojur; wong mau
najis tekan surup.
17 Apa waé, barang tenunan utawa kulit
sing kena mani kudu dikumbah; barang
mau najis tekan surup.

18 Wonga lanang, wonga wadon, sawisé campur[g] kudu adus; wong-wong mau najis tekan surup.
19 Wong wadon sing lagi nggarap-sari[h] kuwi najis lawasé pitung dina. Sapa sing nggepok wong wadon mau, najis tekan surup.
20 Barang sing dilungguhi utawa dituroni wong wadon sing lagi nggarap-sari, iya dadi najis.
21 Sapa sing nggepok panggonan sing mentas dituroni utawa dilungguhi wong wadon sing lagi nggarap-sari, kudu ngumbah sandhangané lan adus; wong mau najis tekan surup.
22 (15:21)
23 (15:21)
24 Wong lanang sing nuroni[i] wong wadon sing lagi nggarap-sari, kuwi najis lawasé pitung dina lan peturon sing dituroni mau iya dadi najis.
25 Wong wadon sing ngetokaké getih saliyané nggarap-sari, utawa luwih suwé enggoné ngetokaké getih ketimbang

---

[g]campur: bersetubuh (bhs. Ind.).
[h]nggarap-sari: haid (bhs. Ind.).
[i]nuroni: meniduri; bersetubuh (bhs. Ind.).

adaté, selawasé isih ngetokaké getih,
dadi najis kaya yèn lagi nggarap-sari.
26 Panggonan sing dituroni utawa
dilungguhi uga dadi najis.
27 Sapa sing nggepok panggonan mau
iya dadi najis. Wong mau kudu ngumbah
sandhanganė; lan najis tekan surup,
28 Yèn enggoné ngetokaké getih wis
mampet, wong wadon mau kudu
ngentèni pitung dina menèh. Lagi sawisé
kuwi dadi resik manut prenataning
agama.
29 Ing wolung dinané wong mau kudu
nggawa manuk dara utawa manuk
drekuku loro, dipasrahaké marang imam
ana ing lawangé Kémah Palenggahané
Allah.
30 Manuk sing siji disaosaké kanggo
kurban pangruwating dosa, sijiné
kanggo kurban obongan. Mengkono
patrapé nindakaké upacara sesuci
manut prenataning agama kanggo wong
wadon."
31 Gusti Allah dhawuh marang Musa,
ngélikaké bangsa Israèl, supaya padha
nggatèkaké awaké najis apa resik. Aja
nganti wong-wong mau gawé najisé
Kémah Suci, sing ana ing tengahé

bangsa mau. Sapa sing gawé najisé
Kémah Suci bakal nemahi mati.
32 Mengkono mau prenatan-prenatan
bab wong lanang sing ngetokaké umbel
lan mani,
33 bab wong wadon sing nandhang
suker,[j] sarta wong lanang sing nuroni
wong wadon sing najis.

16 1 Sapatiné anaké Harun loro,
nalika lagi padha marek ing
ngarsané Allah, Allah banjur ngandika
marang Musa,
2 pangandikané, "Kandhaa karo
kakangmu Harun, yèn mung olèh
mlebu ing Papan Mahasuci sing ana
ing samburiné geber, mung ing wektu
sing wis Daktetepaké, merga ing kono
enggon-Ku ngetingal ing méga, ing
ndhuwuré Pethi Prejanjian. Yèn nerak
dhawuh kuwi, Harun bakal mati.
3 Samasa mlebu kudu nggawa pedhèt
lanang kanggo kurban pangruwating
dosa, lan wedhus gèmbèl kanggo kurban
obongan."
4 Gusti Allah banjur maringaké
prenatan-prenatan mengkéné,
"Sadurungé mlebu ing Papan Mahasuci,

---

[j]suker: nggarap-sari.

Harun kudu nganggo sandhangan imam,
yakuwi klambi lan clana cendhak saka
léna, sabuk lan serban."
5 Umat Israèl banjur kudu masrahaké
wedhus lanang loro marang Harun, siji
kanggo kurban pangruwating dosa, lan
sijiné kanggo kurban bakaran.
6 Lan Harun kudu nyaosaké sapi lanang
siji kanggo kurban pangruwating dosané
dhéwé lan dosaning brayaté.
7 Wedhus lanang loro sing kanggo umat
Israèl mau kudu digawa déning Harun
menyang lawangé Kémah Suci.
8 Ana ing kono wedhus loro mau
diundhi, sing siji ditengeri "kagem
Gusti," sing sijiné "kanggo Azazèl".[k]
9 Wedhus sing kagem Gusti kudu
dienggo kurban pangruwating dosa.
10 Déné sing kanggo Azazèl kudu
disaosaké ing ngarsané Allah urip-
uripan, banjur diculaké ing ara-ara
samun, kanggo Azazèl, supaya dosané
umat Israèl diapura déning Allah.

---

[k]Azazèl: namanipun dhemit ingkang manggèn ing ara-ara samun lan "ngwaosi" panggènan-panggènan ingkang cengkar lan suwung (Mat 12:43; Luk 11:24). Ing Prejanjian Anyar dhemit wau dipun sebat "Sétan".

11 Sajroné nyaosaké sapi lanang kanggo
kurban pangruwating dosané awaké
dhéwé lan brayaté,
12 Harun kudu njupuk padupan sing
dikebaki mawa saka mesbèh, sarta
menyan alus rong gegem, digawa
menyang Papan Mahasuci.
13 Ana ing ngarsané Allah kono Harun
kudu nguwuraké menyan mau ing
pedupan. Keluké menyan mau bakal
mulek ngebeki tutupé Pethi Prejanjian,
supaya Harun ora weruh Pethi mau,
sebab yèn weruh mesthi bakal mati.
14 Harun banjur kudu njupuk getihé
sapi mau sethithik, dikepyur-kepyuraké
nganggo drijiné ing tutupé Pethi
Prejanjian sing sisih ngarep. Ngarepé
Pethi uga dikepyuri rambah ping pitu.
15 Sawisé kuwi Harun kudu nyembelèh
wedhus sing kanggo kurban
pangruwating dosa. Getihé wedhus
mau banjur kudu digawa menyang
Papan Mahasuci, dikepyur-kepyuraké ing
tutupé Pethi Prejanjian lan ing ngarepé,
kaya patrapé ngepyur-ngepyuraké
getihé sapi lanang mau.
16 Kaya mengkono patrapé nindakaké
upacara kanggo nucèkaké Papan

Mahasuci saka najisé lan saka sakèhé
dosané umat Israèl. Kémah Suci kuwi
kudu disucèkaké, merga dumunung ana
ing tengah-tengahé kémah, mangka
kémah mau najis.
17 Wiwit mlebu ing Papan Mahasuci
nindakaké upacara sesuci nganti
sametuné Harun saka ing kono, wong
siji waé ora kena mlebu ing Kémah Suci.
Sawisé rampung enggoné nindakaké
upacara kanggo awaké dhéwé, banjur
kanggo brayaté lan kanggo umat kabèh.
18 Metu saka kono Harun kudu menyang
mesbèh sing kanggo kurban obongan,
nucèkaké mesbèh mau. Harun kudu
njupuk getihé sapi lan getihé wedhus
sethithik, disiramaké ing sungu-sungu
sing ana ing pojoké mesbèh.
19 Getih mau dikepyur-kepyuraké
nganggo drijiné rambah ping pitu ing
ndhuwur mesbèh. Mengkono patrapé
nucèkaké mesbèh saka dosa-dosané
umat Israèl, supaya mesbèh kuwi dadi
suci.
20 "Sawisé rampung enggoné nindakaké
upacara kanggo nucèkaké Papan
Mahasuci lan pérangan-pérangané
Kémah Suci sarta mesbèh, Harun banjur

kudu nyaosaké marang Allah wedhus urip sing kanggo Azazèl.
21 Harun kudu numpangaké tangané loro-loroné ing endhasé wedhus mau, karo ngakoni sakèhé keluputan, dosa lan paneraké umat Israèl. Srana mengkono durakané umat Israèl kabèh diemotaké ing endhasé wedhus mau. Wedhusé banjur kudu dieculaké ing ara-ara samun déning wong sing tinanggenah nindakaké.
22 Wedhus kuwi nyangga sakèhé dosané umat Israèl, digawa menyang panggonan sing cengkar lan suwung.
23 Sawisé mengkono Harun kudu mlebu ing Kémah Suci nyopot sandhanganè imam sing dienggo, banjur ditinggal ing kono.
24 Dhèwèké nuli kudu adus ing panggonan sing suci lan nganggo sandhanganè dhéwé. Sawisé mengkono banjur kudu metu nyaosaké kurban kanggo ngruwat dosané dhéwé lan dosané umat Israèl.
25 Gajihé kéwan sing dienggo kurban pangruwating dosa banjur diobong ing mesbèh.

26 Wong sing ngeculaké wedhus sing
kanggo Azazèl ing ara-ara samun,
sadurungé mlebu kémah kudu ngumbah
sandhangané lan adus dhisik.
27 Sapi lanang lan wedhus sing kanggo
kurban pangruwating dosa, sing getihé
digawa mlebu ing Papan Mahasuci
kanggo ngruwat dosa, kudu digawa
metu saka kémah lan diobong. Kulit,
daging lan jeroané kudu diobong kabèh.
28 Wong sing ngobong mau sadurungé
mlebu kémah kudu ngumbah
sandhangané lan adus."
29 "Prenatan-prenatan ing ngisor iki
kudu ditetepi selawas-lawasé. Saben
tanggal sepuluh sasi kapitu, wong Israèl
lan wong manca sing manggon ing
satengahé umat mau kudu pasa lan ora
kena nyambut-gawé, merga dina kuwi
dina suci. Ing dina mau kudu dianakaké
upacara kanggo nucèkaké bangsa Israèl
saka dosané, supaya dadi resik manut
prenataning agama.
30 (16:29)
31 (16:29)
32 Imam Agung sing wis ditetepaké
lan kejibah ngganti bapakné, kudu
nindakaké upacara pasucèn mau. Imam

Agung mau kudu nganggo sandhangan
imam,
33 banjur nindakaké upacara nucèkaké
Papan Mahasuci, pérangan-pérangané
Kémah Suci, mesbèh, para imam lan
umat Israèl kabèh.
34 Upacara mengkono mau kudu
ditindakaké setaun sepisan kanggo
nucèkaké bangsa Israèl saka sakèhing
dosané. Mengkono prenatan-prenatan
sing kudu ditindakaké selawas-lawasé."
Musa iya banjur nindakaké kaya sing
didhawuhaké déning Allah.

17

1 Gusti Allah dhawuh marang
Musa,
2 supaya nerusaké prenatan iki marang
Harun, anak-anaké lan bangsa Israèl
kabèh.
3 Yèn wong Israèl nyaosaké kurban
marang Allah rupa sapi, wedhus gèmbèl
utawa wedhus jawa, kudu nyembelèh
kéwan mau ing lawangé Kémah Suci.
Yèn disembelèh ing liya panggonan,
wong mau nerak Angger-angger Allah,
merga mutahaké getih. Wong mau kudu
disébrataké saka umaté Allah.
4 (17:3)

5 Maksudé prenatan iki supaya wiwit
saiki bangsa Israèl yèn saos kurban rupa
kéwan kudu disembelèh ana ing Kémah
Palenggahané Allah, ora kaya biyèn
ana ing ara-ara samun. Saiki saosan
mau kudu digawa menyang lawangé
Kémah Suci, dipasrahaké marang imam,
nuli disembelèh ing kono dadi kurban
keslametan.
6 Imam kudu nyiramaké getihé kéwan
mau ing lambungé mesbèh, sing ana
ing ngarep Kémah Suci, banjur ngobong
gajihé, supaya gandané gawé renaning
penggalihé Allah.
7 Bangsa Israèl kudu setya marang Allah
lan babar-pisan ora kena nyembelèh
kéwan dienggo kurban kanggo nyembah
marang para dhemit, sing diarani
"dhemit-wedhus". Prenatan iki kudu
ditetepi ing selawas-lawasé.
8 "Yèn ana wong Israèl utawa wong
manca sing manggon ing kono, saos
kurban obongan utawa kurban liyané,
9 konjuk marang Allah, kudu disaosaké
ana ing lawangé Kémah Suci. Yèn
enggoné nyaosaké ana ing panggonan
liya, wongé sing saos kurban mau kudu
disébrataké saka umaté Allah.

10 Yèn ana wong Israèl utawa wong
manca sing manggon ing kono mangan
daging sing isih ana getihé. Bakal
diukum déning Allah lan disébratakké
saka umat Israèl,
11 merga nyawané titah sing urip kuwi
dunungé ana ing getih. Kuwi sebabé
Allah dhawuh supaya getihé kabèh
kudu disuntak ana ing mesbèh, kanggo
ngruwat sakèhing dosané umat. Getih
kuwi ngolèhaké panebusing dosa, merga
ing getih mau ana nyawané.
12 Kuwi sebabé wong Israèl lan wong
manca sing manggon ing tengahé,
ora kena mangan daging sing isih ana
getihé.
13 Wong Israèl utawa wong manca sing
manggon ing antarané bangsa Israèl,
samasa mbebedhag olèh kéwan utawa
manuk sing ora karam, getihé kéwan
mau kudu diwetokaké nganti atus lan
diurugi lemah.
14 Merga nyawané saben titah sing urip
kuwi dunungé ana ing getih. Yakuwi
sebabé Allah ora marengaké bangsa
Israèl mangan daging sing isih ana
getihé. Saben wong sing nindakaké

mengkono kudu disébrataké saka umaté
Allah.
15 Wong Israèl utawa wong manca
sing mangan dagingé kéwan sing mati
lumrah, utawa sing matiné merga
dimangsa kéwan galak, kudu ngumbah
sandhangané, banjur adus. Wong mau
najis nganti surup.
16 Sing ora nglakoni mengkono bakal
kaukum."

18

1 Gusti Allah dhawuh marang
Musa,
2 supaya nerusaké prenatan mau
marang bangsa Israèl mengkéné: "Aku
iki Pangéran, Allahmu.
3 Kowé aja padha tiru-tiru pretingkahé
wong Mesir, panggonanmu mondhok
biyèn, utawa tiru-tiru bangsa Kenaan,
sing negarané saiki kokenggoni merga
saka pitulungan-Ku.
4 Angger-angger-Ku tetepana lan
dhawuh-Ku lakonana. Aku iki Pangéran
Allahmu.
5 Prenatan-prenatan lan angger-angger
peparing-Ku iki lakonana. Sing sapa
nindakaké, uripé bakal slamet. Aku iki
Allah."

6 Gusti Allah paring prenatan
mengkéné: "Aja ana wong nuroni
sanak-seduluré dhéwé.
7 Aja nuroni biyungmu, supaya ora
ngrèmèhaké marang bapa lan biyungmu.
8 Aja nuroni seliré bapakmu, supaya
kowé ora ngrèmèhaké bapakmu.
9 Aja nuroni sedulurmu utawa
sedulurmu kuwalon, iya sing
digedhèkaké bareng karo kowé,
utawa sing ora.
10 Aja nuroni putumu, kuwi bakal gawé
wirangmu dhéwé.
11 Aja nuroni sedulurmu nunggal
bapa-biyung, merga kuwi sedulurmu
dhéwé.
12 Aja nuroni mbokcilikmu, iya seduluré
bapakmu, utawa seduluré ibumu.
13 (18:12)
14 Aja nuroni bojoné pamanmu, merga
kuwi mbokcilikmu.
15 Aja nuroni mantumu
16 utawa bojoné kakangmu.
17 Aja nuroni wong wadon utawa
putuné wadon wong sing wis tau
kokturoni. Sebab bisa uga wong kuwi
isih sedulurmu, lan kuwi nerak adat.

18 Aja amèk bojo ipému (seduluré
bojomu), sajroné bojomu isih urip.
19 Aja nuroni wong wadon sing lagi
nggarap-sari.
20 Aja nuroni bojoné wong liya.
Penggawé sing mengkono mau najis.
21 Aja ngrujuki anakmu dienggo sajèn
marang Molokh, merga penggawé
mengkono mau nyewiyah marang
Asmané Allah.
22 Wong lanang ora kena nuroni padha
wong lanang. Allah sengit marang
penggawé sing mengkono kuwi.
23 Iya wong lanang, utawa wong wadon,
ora kena nuroni kéwan. Sapa sing
nglakoni mengkono dadi najis.
24 Kowé aja dadi najis merga tumindak
sing mengkono mau, sebab iya merga
saka tumindak sing mengkono kuwi
wong kapir padha dadi najis, yakuwi
sing padha manggon ing tanah Kenaan
sadurungé kowé mlebu mrono. Mulané
padha ditundhungi déning Allah, supaya
kowé bisa manggon ing kono.
25 Merga saka kalakuané sing duraka
mau temah tanah sing dienggoni dadi
najis. Mulané padha diukum déning Allah
lan ora diparengaké manggon ana ing

kono. Nanging kowé aja pisan-pisan
nglakoni sing mengkono. Kowé kabèh
lan wong manca sing ana ing antaramu
kudu padha netepi angger-anggeré Allah
lan pepakoné,
26 (18:25)
27 (18:25)
28 supaya kowé ora ketiban paukumané
Allah lan ditundhung saka tanah kono,
kaya sing dialami déning bangsa-bangsa
kapir sing manggon ing kono sadurungé
kowé.
29 Padha ngertia, yèn sapa sing nglakoni
penggawé duraka, bakal disébrataké
saka umaté Allah."
30 Mulané Allah ngandika, "Padha
netepna pepakon-pepakon-Ku lan aja
niru penggawéné bangsa-bangsa kapir
sing biyèn manggon ing kono sadurungé
kowé. Aja najisaké awakmu dhéwé srana
nglakoni penggawé-penggawé mau. Aku
iki Pangéran, Allahmu."

19

1 Gusti Allah utusan Musa
2 ndhawuhaké marang bangsa
Israèl mengkéné, "Kowé padha disuci,
merga Aku, Allahmu suci.
3 Saben wong kudu ngajèni bapa-
biyungé sarta nucèkaké dina Sabbat,

kaya sing Dakdhawuhaké. Aku iki
Pangéran, Allahmu.
4 Kowé aja nyingkur marang Aku lan
nyembah marang brahala-brahala. Aja
gawé lan nyembah brahala saka barang
pelikan.[l] Aku iki Pangéran, Allahmu.
5 Yèn kowé saos kurban keslametan,
kudu manut prenatan sing Daktetepaké.
6 Dagingé kéwan kudu dipangan tunggal
dina karo enggoné nyembelèh, utawa
ésuké. Daging sing isih turah ing dina
katelune kudu diobong,
7 merga daging mau najis. Yèn meksa
dipangan, kurbané Daktampik.
8 Sapa sing mangan daging mau, kuwi
keluputan, merga nganggep daging sing
wis dipething kanggo Aku kaya daging
lumrah. Wong mau kudu disébrataké
saka umat Israèl.
9 Yèn kowé derep, aja ngenèni gandum
sing ana ing pinggir, lan aja ngasag
gandum sing kliwatan.
10 Kowé aja bali menyang kebon
anggurmu nglumpukaké woh anggur
sing kecècèr. Kuwi dadi pandumané
wong miskin lan wong manca. Aku iki
Pangéran, Allahmu.

---

[l]pelikan: tambang (bhs. Ind.).

11 Kowé aja nyolong, ngapusi utawa
goroh.
12 Aja janji nganggo sumpah yèn
sejatiné ora arep koktetepi, supaya aja
nyawiyah Asmané Pangéran, Allahmu.
13 Kowé ora kena meres pepadhamu
utawa ngrampas barangé. Opahé
buruhmu aja kokcandhet, senajan mung
sedina waé.
14 Kowé ora kena ngujar-ujari wong
budheg, lan aja masang sandhungan
ing ngarepé wong wuta, sing marakaké
wong mau kesandhung. Kowé kudu wedi
karo Allah; Aku iki Pangéran, Allahmu.
15 Enggonmu ngadili wong prekaran,
kudu sing jujur lan adil. Aja ngéloni wong
miskin lan éring marang wong sugih.
16 Kowé aja nyebar crita sing ora nyata
sing gawé èlèké jenengé pepadhamu.
Yèn pati-uripé wong sing didakwa ing
pengadilan gumantung ing prekara sing
lagi diadili, yèn paseksimu mau bisa
mitulungi wongé, kowé awèha paseksi.
Aku iki Allah.
17 Aja ngendhem sengit marang liyan.
Prekara sing marakaké tukar padu,
rembugan sing apik, supaya kowé aja
gawé dosa merga wong mau.

[18] Kowé aja males piala marang
pepadhamu, utawa ngendhem sengit
marang sapa waé, malah tresnaa
marang pepadhamu kaya enggonmu
nresnani marang awakmu dhéwé. Aku
iki Allah.
[19] Dhawuh-Ku èstokna. Kéwan sing
ora padha bangsané aja kokkawinaké.
Pategalan siji aja koksebari wijiné
tetanduran loro sing ora padha bangsané.
Kowé aja nganggo sandhangan tenunan
sing ditenun nganggo benang sing ora
padha jinisé.
[20] Yèn ana wong lanang sing wis janji
arep ngedol batur-tukoné wadon marang
wong lanang liya, sing arep nyelir batur
mau, mangka sadurungé dibayar wis
dituroni dhisik, wong mau lan baturé
kudu diukum, nanging aja diukum pati,
merga wong wadon kuwi batur-tukoné.
[21] Wong lanang mau kudu nggawa
wedhus lanang siji menyang Kémah Suci
kanggo kurban dhendha.
[22] Imam kudu nyaosaké wedhus mau
kanggo kurban pasucèn, supaya dosané
wongé dibirat, temah Allah bakal
ngapura.

23 Yèn kowé padha mlebu ing tanah
Kenaan lan nenandur woh-wohan
rupa-rupa, wohé kudu kokanggep najis
lan ora kena kokpangan nganti telung
taun lawasé.
24 Ing taun kaping paté wohé wit-witan
mau kudu koksaosaké dadi kurban
konjuk marang Allah, kanggo nélakaké
panuwunmu marang Aku, Allahmu.
25 Lagi taun kaping limané kowé
padha olèh mangan wohé. Yèn
prenatan-prenatan iki koklakoni, wohé
wit-witanmu bakal saya wuwuh akèh.
Aku iki Pangéran, Allahmu.
26 Kowé ora kena mangan daging sing
isih ana getihé. Kowé ora kena nindakaké
ngèlmu tenung lan pétungan rupa apa
waé.
27 Rambutmu ora kena kokpèthèk[m]
utawa kokkuncung. Kowé ora kena
nyukur jénggotmu.
28 Kowé ora kena natoni kulitmu
karo digambari tandha-tandha utawa
dipinggeti kanggo pengéling-éling
marang wong mati. Aku iki Pangéran,
Allahmu.

---

[m]pèthèk: kados kuncung ing ngiringan kiwa-tengen.

29 Kowé ora kena najisaké anakmu
wadon kokdadèkaké wanita tuna susila
ing papan panyembahan brahala. Srana
tindak mengkono kowé padha mèlu
nyembah brahala lan marakaké wong
sanegara padha laku jina.
30 Padha netepana prenatané Sabbat,
lan ngurmatana Pedaleman-Ku. Aku iki
Allah.
31 Kowé ora kena njaluk pamrayoga
karo dhukun utawa sedhéngah wong
sing lelayanan karo rohé wong mati.
Yèn kowé nindakaké sing mengkono,
kowé bakal dadi najis. Aku iki Pangéran,
Allahmu.
32 Kowé kudu ngajèni marang wong
sing akèh umuré. Padha wedia marang
Allah. Panjenenganè hurmatana, merga
Aku iki Allahmu.
33 Wong manca sing ana ing tengahmu
aja koksiya-siya.
34 Wong-wong mau anggepen kaya
bangsamu dhéwé, lan tresnanana kaya
enggonmu nresnani marang awakmu
dhéwé. Élinga yèn kowé dhéwé biyèn iya
tau dadi wong manca ing tanah Mesir.
Aku iki Pangéran, Allahmu.

35 Kowé ora kena ngapusi wong liya
srana migunakaké piranti palsu, dadia
sing kanggo ngukur, iya sing kanggo
nimbang utawa kanggo naker.
36 Piranti sing kanggo ngukur, nimbang
lan naker kudu sing cocog. Aku iki
Yéhuwah, Allahmu, kang wis ngirid
lakumu saka tanah Mesir.
37 Sakèhé angger-angger lan pepakon-
Ku padha tetepana. Aku iki Allahmu."

20 1 Gusti Allah ngutus Musa,
2 ndhawuhaké marang bangsa
Israèl mengkéné, "Sapa ing antaramu
utawa wong manca sing manggon ing
tengahmu, sing ngulungaké anaké
dienggo sajèn marang Molokh, kudu
dibenturi watu nganti mati déning wong
kabèh sing manggon ing kono.
3 Wong sing ngulungaké anaké kanggo
sajèn marang Molokh kuwi najisaké
Kémah Suci lan nyewiyah marang
Asma-Ku kang suci, temah Aku bakal
ngukum wong mau, lan ora Dakanggep
umat-Ku.
4 Yèn masarakat ing kono éthok-éthok
ora weruh penggawéné wong mau lan
ora nindakaké paukuman pati marang
wong mau,

5 Aku dhéwé sing bakal ngukum wong
mau sabrayaté kabèh, uga kabèh wong
sing katut wong mau nyingkur marang
aku lan nyembah marang Molokh.
6 Yèn ana wong merdhukun marang
wong sing lelayanan karo rohé wong
mati, wong mau bakal Dakukum, lan
Daksébrataké saka umat-Ku.
7 Padha disuci, merga Aku iki Pangéran,
Allahmu.
8 Netepana angger-angger-Ku, merga
Aku iki Allah, lan kowé kabèh Daksengker
dadi duwèk-Ku."
9 Gusti Allah maringaké prenatan-
prenatan mengkéné: "Sapa sing
nyupatani bapak utawa biyungé diukum
pati. Wong mau mati merga salahé
dhéwé.
10 Yèn ana wong Israèl laku jina karo
bojoné pepadhané wong Israèl, sing laku
jina mau karo-karoné kudu diukum pati.
11 Wong lanang sing nuroni seliré
bapakné kuwi gawé wirangé bapakné.
Sing laku jina mau karo-karoné kudu
diukum pati. Matiné mau merga saka
salahé dhéwé.
12 Wong lanang sing nuroni mantuné,
karo-karoné kudu diukum pati, merga

padha murang sarak, mulané patiné
mau merga saka salahé dhéwé.
13 Yèn ana wong lanang nuroni padha
wong lanang, karo-karoné kudu diukum
pati, merga nglakoni penggawé sing
jember, patiné mau merga saka salahé
dhéwé.
14 Yèn ana wong lanang ngepèk
wong wadon karo ibuné wong wadon
mau pisan, telu-teluné kudu diukum
pati-obong, merga wis padha tumindak
sing ora patut. Lelakon sing mengkono
aja nganti kedadéan ing antaramu.
15 Yèn ana wong lanang nuroni kéwan,
wong sakéwané kudu diukum pati.
16 Yèn ana wong wadon nuroni kéwan,
wong sakéwané kudu diukum pati.
Patiné mau merga saka salahé dhéwé.
17 Yèn ana wong lanang nuroni seduluré
dhéwé tunggal bapak utawa tunggal
biyung, karo-karoné kudu dianggep
nglakoni penggawé nistha, mula kudu
disingkiraké saka masarakat kono.
Wong mau wis nuroni seduluré tunggal
bapa-biyung, dadi kudu diukum.
18 Wong lanang sing nuroni wong wadon
sing lagi nggarap-sari, karo-karoné kudu
ditundhung saka masarakat kono, merga

wis padha nerak prenatan bab kasucèn
sing ditetepaké déning agama.
19 Yèn ana wong lanang sing nuroni
mbokciliké, loro-loroné kudu diukum,
merga wis nerak prenataning adat.
20 Yèn ana wong lanang nuroni bojoné
pamané, kuwi gawé wirangé pamané.
Karo-karoné Dakukum, ora duwé anak.
21 Yèn ana wong lanang ngepèk bojoné
kakangné, bakal ora duwé anak nganti
sapatiné. Penggawéné wong mau jember
lan gawé wirangé kakangné."
22 Gusti Allah ngandika, "Kowé padha
netepana angger-angger lan pepakon-
Ku, supaya aja katundhung saka tanah
Kenaan, tanah anjoging lakumu.
23 Kowé ora kena mèlu-mèlu adat
tata-carané wong ing kono. Wong-wong
kapir kuwi durakané gawé pegeling
ati-Ku. Mulané Daktundhung, supaya
kowé bisa manggon ing kono.
24 Aku wis janji maringaké tanah
sing lohjinawi kuwi marang kowé
dadi duwèkmu, mulané iya bakal
Dakleksanani. Aku iki Allahmu, sing milih
kowé saka antarané bangsa-bangsa.
25 Mulané kowé kudu padha bisa
mbédakaké klawan titi endi kéwan utawa

manuk sing karam lan endi sing ora.
Aja padha mangan kéwan utawa manuk
sing karam. Kéwan sing wis Daktetepaké
karam iki aja kokpangan, supaya kowé
ora dadi najis.
26 Kowé wis Dakpilih saka antarané
bangsa-bangsa, supaya dadi duwèk-Ku
dhéwé. Kowé kudu padha suci, merga
Aku iki Allah kang suci.
27 Saben wong dadia lanang utawa
wadon sing lelayanan karo roh-rohé
wong mati, kudu dibenturi watu nganti
mati. Patiné mau merga saka salahé
dhéwé."

21

1 Gusti Allah ndhawuhi Musa
maringaké prenatan marang para
imam anak-turuné Harun mengkéné:
"Imam ora kena najisaké awaké merga
layad, mèlu upacara penguburané
sanak-seduluré.
2 Kejaba yèn sing mati mau ibuné,
bapakné, anaké lanang utawa wadon,
seduluré lanang,
3 utawa seduluré wadon sing durung
kawin, lan manggon nunggal saomah.
4 Imam ora kena najisaké awaké merga
layad wong mati, sing ana alurané
sedulur kadang katut.

5 Imam ora kena nyukur sirahé,
pérangan sing endi waé; ora kena
ngethok jénggoté, utawa natoni awaké
nganggo piranti landhep, kanggo
nélakaké enggoné susah merga kepatèn.
6 Imam mau Daksengker dadi
kagungan-Ku dhéwé, mulané ora kena
gawé kucemé asma-Ku. Imam kuwi
wong sing nyaosaké kurban dhaharan
konjuk marang Aku, mulané kudu suci.
7 Imam ora kena kawin karo wanita
tilas tuna susila utawa wong wadon sing
dudu prawan, utawa wong sing pegatan,
merga imam kuwi duwèk-Ku dhéwé.
8 Imam kudu ngakoni lan rumangsa
dadi wong sing Daksengker kanggo
Aku dhéwé, merga dhèwèké kuwi wong
sing nyaosaké kurban dhaharan konjuk
marang Aku. Aku iki Allah kang suci lan
kang nucèkaké umat-Ku.
9 Yèn anaké wadon imam dadi wanita
tuna susila, kuwi ngina bapakné, mulané
kudu diobong nganti mati.
10 Déné Imam Agung disengker kagem
Allah dadi imam, nganggo dijebadi lenga
suci ing sirahé lan srana dienggoni
sandhangan imam. Mulané rambuté
ora kena dioré utawa ora kena nyuwèk

sandhangané kanggo nélakaké susahing
atiné merga kepatèn.
11 Imam Agung kuwi disaosaké marang
Aku dadi wong sing Daksengker, mulané
ora kena najisaké awaké; ora kena
najisaké Kémah Suci merga metu saka
kono, lan mlebu ing omah sing ana
layoné, senajan kuwi layoné bapak
utawa ibuné dhéwé.
12 (21:11)
13 Imam Agung kudu kawin karo prawan
saka taleré dhéwé, ora kena kawin karo
randha utawa wong wadon sing dipegat,
utawa wanita tilas tuna susila.
14 (21:13)
15 Yèn ora mengkono anak-anaké sing
mesthiné suci bakal dadi najis. Aku iki
Allah, sing wis nyengker wong mau dadi
Imam Agung."
16 Dhawuhé Allah marang Musa
17 kanggo Harun, "Yèn ana anakmu
sing awaké cacad ora kena nyaosaké
kurban dhaharan konjuk marang Aku.
Iki prenatan kanggo selawas-lawasé.
18 Wong sing awaké cacad ora kena
nyaosaké kurban, kayata: wong wuta,
wong lumpuh, wong sing cacad irungé;

19 semono uga wong sing tangané apus,
utawa wong sing sikilé pincang;
20 wong sing bungkuk utawa cébol;
wong sing lara mripaté, utawa duwé lara
kulit, lan wong sing dikebiri.
21 Anak-turuné Imam Harun sing awaké
cacad ora kena nyaosaké kurban konjuk
marang Aku.
22 Nanging olèh mangan panganan sing
disaosaké marang Aku, dadia kurban
dhaharan sing suci, utawa kurban
dhaharan sing mligi kanggo Aku dhéwé.
23 Wong sing cacad mau ora kena
cedhak-cedhak karo geber suci utawa
cedhak-cedhak karo mesbèh. Wong mau
ora kena gawé najisé piranti-piranti
sing disengker kanggo Aku, merga Aku
iki Allah, lan iya Aku sing nyengker
piranti-piranti mau."
24 Kuwi kabèh didhawuhaké déning
Musa marang Harun, marang anak-anaké
lan marang umat Israèl kabèh.

22 1 Gusti Allah ngandika marang
Musa,
2 supaya nglantarakė dhawuhé marang
Harun lan anak-anaké mengkéné,
"Kowé aja gawé kucemé asma-Ku kang
suci. Mulané sesaosan-sesaosané umat

Israèl sing konjuk marang Aku kudu
koksaosaké klawan hurmat. Aku iki
Allah.
3 Yèn ana salah sijiné anak-turunmu
sing kaananané najis, mangka nyedhaki
sesaosané umat Israèl sing konjuk
marang Aku. Wong mau ora kena
nyaosaké kurban menèh ana ing
mesbèh. Aku iki Allah.
4 Yèn ana anak-turuné Harun sing
lara kusta, utawa nandhang memala
ngetokaké mani, wong mau ora kena
mangan sesaosan suci, yèn durung
ditetepaké resik manut prenatané
agama. Imam dadi najis menawa
nggepok barang sing najis merga saka
layon. Imam uga najis yèn nandhang
memala ngetokaké mani,
5 utawa yèn nggepok kéwan utawa
wong sing najis.
6 Imam sing najis, kuwi najisé tekan
surup. Sawisé surup wong mau durung
kena mangan barang sesaosan, menawa
durung adus.
7 Sawisé adus lagi kena mangan saka
sesaosan suci mau, merga kuwi pancèn
pangané.

8 Imam ora kena mangan dagingé
kéwan sing mati ngurag utawa sing
matiné merga dimangsa kéwan galak.
Yèn mangan, imam mau dadi najis. Aku
iki Allah.
9 Kabèh imam kudu netepi prenatan-
prenatan sing wis Daktetepaké. Yèn ora,
bakal keluputan lan nemahi mati, merga
nerak prenatan-prenatan sing suci mau.
Aku iki Allah, lan Aku sing nyengker para
imam dadi kagungan-Ku.
10 Sesaosan sing disengker konjuk
marang Aku mung olèh dipangan déning
brayaté imam dhéwé. Wong liya ora
kena, senajan dadi saomah utawa
nyambut-gawé kanggo imam.
11 Nanging batur-tukoné imam, sing
dituku lan dibayar nganggo dhuwité
imam dhéwé, utawa lair ing omahé
imam mau, olèh mangan pangan sing
kanggo imam mau.
12 Anaké wadon imam, sing kawin karo
wong dudu imam ora kena mangan saka
sesaosan sing disengker konjuk marang
Aku.
13 Nanging yèn wis randha utawa
pegatan lan ora duwé anak, lan wis
mulih ing omahé wong tuwané, sarta

uripé gumantung wong tuwané, olèh
mangan pangan sing kanggo imam.
Mung brayaté imam dhéwé kena mangan
saka sesaosan sing digawé kurban.
14 Menawa ana wong sing dudu brayaté
imam, ora kejarag mangan saka pangan
sesaosan suci mau, wongé kudu ngijoli
regané pangan mau kabèh, diluwihi
sapralimané.
15 Para imam ora kena awèh dhadhakan
nganti sesaosan sing konjuk marang
Aku, dicecamah,
16 merga nglilakaké sesaosan suci mau
dipangan déning wong sing ora wenang
mangan. Kuwi bakal njalari wong mau
keluputan lan kena paukuman. Aku iki
Allah, lan Aku sing nyengker sesaosan
mau."
17 Gusti Allah ngandika marang Musa,
supaya
18 nglantarakė dhawuh marang Harun,
anak-anaké lan umat Israèl kabèh,
prenatan-prenatan mengkéné: "Menawa
ana wong Israèl utawa wong manca sing
manggon ing kono nyaosaké kurban
obongan kanggo ngluwari kaulé, utawa
kanggo saos sukur metu saka rilaning
atiné dhéwé: Kéwan sing dienggo kurban

kudu lanang lan tanpa cacad, supaya
ditampi déning Allah.
19 (22:18)
20 Menawa kéwané ana cacadé, Allah
ora bakal kersa nampi.
21 Menawa ana wong nyaosaké kurban
keslametan konjuk marang Allah kanggo
ngluwari kaulé, utawa kanggo saos sukur
metu saka rilaning atiné dhéwé, kéwané
kudu tanpa cacad supaya ditampi déning
Allah.
22 Aja nyaosaké kurban marang Allah
kéwan sing picak, sing balungé tugel,
sing buntung, sing wudunen sing ana
nanahé, sing kena lara kulit utawa
gudhigen. Kéwan-kéwan sing mengkono
mau aja koksaosaké kanggo kurban
dhaharan ana ing mesbèh.
23 Kurban sing disaosaké metu saka
rilaning atiné dhéwé mau kena rupa
kéwan sing cacad awaké, nanging kéwan
sing mengkono mau ora kena kanggo
kurban ngluwari kaul.
24 Ora kena saos kurban konjuk marang
Allah rupa kéwan sing dikebiri srana
dijepit, diiris, digecak utawa dikethok.
Aja ana sing nglakoni penggawé
mengkono mau ing tanahmu.

25 Kéwan pawèhé wong manca ora kena
digawé kurban dhaharan. Kéwan sing
mengkono mau dianggep cacad, dadi
ora bakal ditampi déning Allah.
26 Pedhèt, cempé wedhus gèmbèl,
utawa wedhus jawa sing mentas lair,
kudu diworaké karo emboké nganti
pitung dina lawasé. Sawisé kuwi lagi
kena kanggo saos kurban dhaharan.
27 (22:26)
28 Sapi lan pedhèté, wedhus gèmbèl lan
cempéné, wedhus jawa lan cempéné aja
digawé kurban nunggal sedina.
29 Menawa nyaosaké kurban pamuji
konjuk marang Allah kudu manut
prenatan, supaya kurban mau ditampi
déning Allah.
30 Kurban kudu dipangan ing dina iku
uga, lan ora kena dingèngèh tekan
ésuké."
31 Gusti Allah ngandika, "Dhawuh-
dhawuh-Ku tetepana. Aku iki Allah.
32 Aja gawé kucemé asma-Ku. Umat
Israèl kabèh kudu ngakoni yèn Aku iki
suci. Aku iki Allah, kang nucèkaké kowé
kabèh.

33 Aku kang ngirid kowé metu saka ing
tanah Mesir, supaya Aku dadi Allahmu,
Aku iki Allah."

23 1 Gusti Allah maringaké prenatan-
prenatan marang Musa, bab
dina-dina riaya agama, mengkéné, "Ing
dina riaya bangsa Israèl kudu nglumpuk
ngibadah.
2 (23:1)
3 Sajroné nem dina kowé padha
nyambuta-gawé, nanging élinga,
dina kapitu, dina Sabbat, kuwi dina
kanggo ngaso. Ing dina mau aja padha
nyambut-gawé, nanging kudu nglumpuk
ngibadah.
4 Ing wektu-wektu sing wis ditetepaké,
dina-dina riaya mau kudu diumumaké."
5 "Tumindaké Riaya Paskah kuwi kanggo
ngluhuraké Gusti Allah; kawiwitan ing
wayah suruping srengéngé, tanggal
patbelas, sasi kapisan.
6 Ésuké, tanggal limalas kuwi wiwité
Riaya Pésta Roti Tanpa Ragi. Sajroné
pitung dina kowé padha ora kena
mangan roti sing digawé nganggo ragi.
7 Iya sajroné pitung dina mau kowé
kudu saos kurban dhaharan konjuk
marang Allah. Ing dinané kapisan

lan dinané kapitu kowé kudu padha
nglumpuk ngibadah lan ora kena
nyambut-gawé.
8 (23:7)
9 Yèn kowé wis manggon ing tanah
Kenaan lan panèn gandum, kowé kudu
masrahaké marang imam, gandum
saunting sing kokenèni dhisik dhéwé.
10 (23:9)
11 Ing dina candhaké dina Sabbat
gandum mau kudu disaosaké kagem
Allah piyambak, supaya rena penggalihé.
12 Tunggal dina enggonmu nyaosaké
kurban gandum mau, kowé iya kudu
nyaosaké kurban obongan rupa wedhus
gèmbèl, sing umur setaun lan tanpa
cacad.
13 Ing wektu iku uga kowé kudu
nyaosaké kurban dhaharan rupa glepung
rong kilogram, diulet karo lenga zaitun.
Gandané kurban mau gawé renaning
penggalihé Allah, lan iya dibarengi
saosan anggur saliter.
14 Menawa durung nyaosaké kurban
mau kabèh, kowé ora kena mangan
gandummu anyar mau, embuh mentah,
embuh dipanggang utawa dibakar.

Prenatan iki kudu ditetepi déning
anak-turunmu kabèh selawas-lawasé."
15 "Wiwit dina sawisé Sabbat, yakuwi
wektumu nyaosaké gandum saunting
sing kawitan, ngétunga pitung minggu
wutuh.
16 Ing dina kaping sèketé, yakuwi
Sabbat sing kapitu, kowé kudu padha
nyaosaké gandum menèh konjuk marang
Allah.
17 Saben brayat kudu nggawa roti
loro, kasaosaké dadi saosan mirunggan
kagem Allah. Saben roti mau kudu
digawé saka glepung rong kilogram,
diolah nganggo ragi lan kudu disaosaké
dadi kurban gandum sing dienèni dhisik
dhéwé.
18 Bareng karo roti mau umat Israèl
kudu nyaosaké wedhus gèmbèl pitu
sing umur setaun, sapi lanang siji, lan
wedhus jawa loro. Kabèh kudu mulus,
tanpa cacad. Kéwan-kéwan mau kudu
disaosaké dadi kurban obongan konjuk
marang Allah, bebarengan karo kurban
gandum lan kurban anggur. Gandané
kurban mau gawé renaning penggalihé
Allah.

19 Iya nyaosna wedhus jawa lanang siji
kanggo kurban pangruwating dosa, lan
cempé wedhus gèmbèl lanang loro, umur
setaun, kanggo kurban keslametan.
20 Roti lan cempé wedhus gèmbèl loro
mau disaosna déning imam dadi saosan
mirunggan kagem Allah lan kuwi dadi
bagéané imam. Saosan-saosan kuwi
barang suci.
21 Ing dina mau kowé padha ora kena
nyambut-gawé, kudu padha nglumpuk
ngibadah. Anak-turunmu sing padha
manggon ing endi waé kudu padha
netepi prenatan iki selawas-lawasé.
22 Yèn kowé panèn, aja ngenèni gandum
sing ana ing pinggiring palemahanmu,
lan aja mbalèni gandum sing kecècèr.
Kuwi bagéané wong-wong miskin lan
wong-wong manca. Aku Pangéran,
Allahmu."
23 "Tanggal siji sasi kapitu kudu
diriayakaké kaya dina Sabbat. Ing dina
iki samasa krungu swarané slomprèt,
kowé kabèh kudu nglumpuk ngibadah.
24 (23:23)
25 Padha nyaosna kurban dhaharan
konjuk marang Allah, lan aja nyambut-
gawé."

26 "Tanggal sepuluh sasi kapitu kuwi
dina pangruwating dosané umat, lan
kudu diriayakaké nganggo upacara
taunan. Ing dina mau kowé kabèh kudu
padha pasa, lan nglumpuk ngibadah,
sarta nyaosaké kurban dhaharan konjuk
marang Allah.
27 (23:26)
28 Ing dina kuwi kowé ora kena
nyambut-gawé, merga ing dina mau
dianakaké upacara ngruwat dosa.
29 Sapa sing mangan ing dina mau kudu
disébrataké saka umaté Allah.
30 Sapa sing nyambut-gawé ing dina
kuwi bakal diukum pati déning Allah.
31 Prenatan iki kudu ditetepi déning
anak-turunmu kabèh, senajan manggon
ana ing ngendi waé.
32 Wiwit tanggal sanga soré ing wektu
srengéngé surup tekan soré candhaké,
kudu kokriayakaké kaya dina Sabbat.
Sedina sewengi mau kowé kudu padha
pasa, ora kena mangan apa-apa."
33 "Riaya Tarub Godhong kawiwitan
tanggal limalas, sasi kapitu lan lawasé
pitung dina.
34 (23:33)

35 Sajroné pitung dina mau kowé saben
dina kudu nyaosaké kurban dhaharan.
Ing dina kapisan lan kawolu kowé
kudu padha nglumpuk ngibadah lan
nyaosaké kurban dhaharan sarta ora
kena nyambut-gawé.
36 (23:35)
37 (Kuwi mau kabèh dina-dina riaya sing
kudu padha kokriayakaké.Ing dina-dina
riaya mau kowé kudu padha ngluhuraké
Allah srana nglumpuk ngibadah lan
nyaosaké kurban dhaharan, kurban
obongan, kurban gandum, kurban kéwan
lan kurban anggur, manut kepreluan
sedina-dinané.
38 Dina-dina riaya mau dina Sabbat
mirunggan, kejaba dina Sabbat sing
lumrah, tambahé enggonmu padha
saos kurban ngluwari kaul, lan tambahé
kurban sukuran sing koksaosaké marang
Allah.)
39 Bubar panèn kowé kudu padha
nganakaké kabungahan lawasé pitung
dina, wiwit tanggal limalas sasi kapitu.
Dina sing kawitan kuwi dina Sabbat
mirunggan.
40 Ing dina mau kowé kudu ngundhuh
woh-wohan sing apik dhéwé saka

wit-witanmu. Banjur iya njupuka
godhong palem lan pangé wit-witan sing
godhongé ngrembuyung, banjur padha
bebungaha ing dina riaya agama kuwi
kanggo ngluhuraké Pangéran, Allahmu.
41 Riaya mau lawasé pitung dina.
Anak-turunmu kudu netepi prenatan iki
ing selawas-lawasé.
42 Sajroné pitung dina mau umat Israèl
kabèh kudu padha manggon ing kémah
sing digawé saka gegodhongan,
43 supaya anak-turunmu padha ngertia,
yèn Allah ndhawuhaké marang bangsa
Israèl manggon ing kémah sing presaja,
nalika ngirid bangsa mau metu saka
ing tanah Mesir. Panjenengané kuwi
Pangéran, Allahmu."
44 Musa ngumumaké marang bangsa
Israèl prenatan-prenatan bab patrapé
ngriayakaké dina-dina riaya agama mau
kanggo ngluhuraké Allah.

24 1 Gusti Allah dhawuh marang
Musa,
2 maringaké prenatan-prenatan marang
bangsa Israèl mengkéné, "Padha
nyaosna lenga zaitun sing murni lan
sing apik dhéwé kanggo lampu-lampu

panjeran sing ana ing Kémah Suci,
supaya bisa murub terus.
3 Saben soré Harun kudu nyumed
lampu-lampu mau, dipanjer wiwit soré
nganti ésuk, ana ing sanjabané geber,
ing ngarepé Pethi Prejanjian, sing ana
ing Sasana Mahasuci. Prenatan iki kudu
ditetepi ing selawas-lawasé.
4 Harun kudu ngupakara lampu-lampu
sing ana ing jagrag[n] emas murni.
Lampu-lampu mau kudu ajeg dipasang
lan dipanjer ana ing Kémah Suci."
5 "Njupuka glepung gandum pilihan
rolas kilogram, lan gawéa roti rolas iji.
6 Roti mau sèlèhna ing méja sing dilapis
emas, sing ana ing Kémah Suci. Dadèkna
rong tumpuk, satumpuké nem iji.
7 Saben setumpuk dokokana menyan
murni. Menyan kuwi minangka gantiné
roti, tandha yèn rotiné wis disaosaké
dadi kurban dhaharan marang Allah.
8 Saben dina Sabbat kudu ana roti kaya
mengkono kuwi ana ing Kémah Suci;
kuwi prenatan kanggo ing selawas-
lawasé, sing kudu ditetepi déning umat
Israèl.

---

[n] jagrag: ajug-ajug.

9 Roti mau dadi bagéané Harun lan
anak-turuné. Lan kudu dipangan ing
panggonan suci, merga roti mau klebu
dhaharan sing kasaosaké marang Allah
kanggo pangané para imam."
10 Ing panggonané umat Israèl kono
ana wong lanang, bapakné wong Mesir
lan ibuné wong Israèl, jenengé Sélomit.
Sélomit kuwi anaké Dibri, saka taler
Dhan. Ing sawijining dina wong mau
padu karo wong Israèl. Sajroné padha
padu, wong kuwi ngipat-ipati Gusti Allah.
Mulané banjur diirid déning wong Israèl
sawetara disowanaké Musa.
11 (24:10)
12 Wongé ditahan, ngentèni dhawuhé
Allah, wong kuwi kudu dikapapakaké.
13 Dhawuhé Allah marang Musa,
14 "Wongé gawanen metu saka ing
désa. Saben wong sing krungu enggoné
ngipat-ipati Allah, kudu numpangaké
tangané ing sirahé wong mau, minangka
paseksi yèn wong mau salah. Nuli
wong sedésa kudu mbenturi wong mau
nganggo watu nganti mati.
15 Banjur umumna marang umat Israèl
yèn sapa sing ngipat-ipati Allah kudu
mikul dosané,

16 lan diukum pati. Sapa waé, dadia
wong Israèl utawa wong manca sing
manggon ing tengahé Israèl, yèn
ngipat-ipati Allah, kudu dibenturi watu
nganti mati déning wong sadésa.
17 Sapa sing matèni wong kudu diukum
pati.
18 Sapa sing matèni ingon-ingoné wong
liya, kudu ngijoli. Dhasaré: ‘Nyawa kudu
diijoli nyawa’.
19 Wong sing milara wong liya, kudu
genti dipilara.
20 Sing gawé putungé balungé liyan.
Kudu diwales diputung balungé. Sing
gawé mripaté pepadhané wuta sesisih,
kudu diwales mripaté sesisih digawé
wuta. Sing ngantem pepadhané nganti
rampal untuné, kudu diwales diantem
nganti rampal untuné. Tatu apa waé sing
disebabaké déning penggawéné, kudu
diwales nganggo tatu sing saukur karo
penggawéné.
21 Sapa sing matèni kéwan, kudu
ngijoli, nanging sapa sing matèni wong,
kudu diukum pati.
22 Ukuman kanggo wong Israèl lan
wong manca sing manggon ing tengahé,

padha waé, merga Aku iki Pangéran,
Allahmu."
23 Sawisé Musa ngumumaké prenatan
mau marang bangsa Israèl, wongé sing
ngipat-ipati Allah mau banjur digawa
metu saka désa lan dibenturi watu
nganti mati. Mengkono bangsa Israèl
nglakoni apa sing kadhawuhaké déning
Allah lantaran Musa.

25 1 Gusti Allah ndhawuhi menèh
marang Musa ing Gunung Sinai,
supaya
2 maringaké prenatan-prenatan
marang umat Israèl mengkéné: "Yèn
kowé mengko mlebu ing tanah sing
dijanjèkaké Allah marang kowé, kowé
ora kena nggarap lemahmu ing taun
kapitu; srana mengkono kowé ngurmati
Allah.
3 Sajroné nem taun kowé kudu nanduri
lemahmu, magasi wit anggurmu, lan
nglumpukaké panènmu.
4 Nanging taun kapitu kuwi konjuk
marang Allah. Mulané ing taun
mau lemahmu kudu kokjaraké waé.
Pategalanmu aja koktanduri, lan kebon
anggurmu aja kokpagasi.

5 Tekan gandum sing thukul dhéwé aja
kokenèni, lan wohé wit anggurmu sing
ora kokpagasi uga aja kokundhuh; ing
taun kuwi lemahmu karebèn ngaso.
6 Éwasemono pametuné lemah mau
bakal cukup kanggo panganmu, pangané
para baturmu, buruhmu lan wong manca
sing manggon ing tengahmu.
7 Uga cukup kanggo pangané raja-
kayamu lan kanggo kéwan-kéwan
alasan. Kabèh pametuné lemahmu mau
klilan kokpangan."[o]
8 "Ngétunga pitung taun ping pitu,
yakuwi patang puluh sanga taun.
9 Tanggal sepuluh sasi pitu kuwi dina
pangruwating dosa. Ing dina mau kudu
ana wong sing ngunèkaké slomprèt
ndlajahi sanegara.
10 Mengkono enggonmu kudu
nucèkaké taun sing kaping sèket, lan
ngundhangaké pangluwaran marang
wong sanegara kabèh. Ing taun mau
sakèhé barang-darbé sing wis diedol
kudu dibalèkaké marang sing duwé.
Wong sing wis diedol dadi batur-tukon,

---

[o]Taun Yobèl: Taun Kabingahan, ugi kawastanan Taun Pepulih.

kudu dibalèkaké marang kulawargané
menèh.
11 Lemahmu aja koktanduri, lan
gandum sing thukul dhéwé aja kokenèni,
lan aja ngundhuh woh anggur saka
kebon anggurmu sing ora kokpagasi.
12 Merga taun kuwi Taun Yobèl,
sing kudu koksucèkaké. Pametuné
thethukulan sing tuwuh dhéwé ing
palemahanmu kuwi thok sing kena
kokpangan.
13 Ing Taun Yobèl sakèhing palemahan
sing wis diedol kudu dibalèkaké marang
sing duwé.
14 Yèn kowé ngedol palemahan utawa
tuku saka pepadhamu aja nganti gawé
pitunané padha sedulur.
15 Regané lemah mau kudu ditetepaké
miturut cacahing taun olèhé bakal
panèn, tekan Taun Yobèl candhaké.
16 Sing diedol utawa dituku mau
cacahing panènan, mulané regané lemah
mau undha-usuk manut cacahé panènan
sadurungé Taun Yobèl candhaké.
17 Kowé aja mblithuk sedulurmu
padha bangsa, nanging wedia marang
Allahmu."

18 "Padha netepana angger-angger lan
dhawuhé Allah, supaya uripmu tentrem
ana ing tanah kéné.
19 Pametuné tanah iki bakal cukup
kokpangan nganti wareg, lan kowé bisa
manggon ing kono klawan tentrem.
20 Yèn ana wong takon, ‘Apa sing
bakal dakpangan ing taun kapitu, yèn
ora kena nyebar lan ora kena ngenèni
palemahanku?’
21 Ing taun sing kanem Gusti Allah
bakal mberkahi palemahanmu nganti
pametuné cukup kokpangan rong taun.
22 Malah yèn kowé nggarap lemahmu
ing taun kawolu, panènanmu sing biyèn
durung entèk kokpangan, isih cukup
kokpangan nganti tekané panènan taun
kawolu mau."
23 "Kowé ora kena ngedol lemahmu;
sing kena kokedol mung wewenangmu.
Merga lemah kuwi dudu duwèkmu,
nanging kagunganė Allah. Déné kowé
ibaraté kaya wong manca sing olèh
wewenang nggarap lemah mau.
24 Senajan lemah wis diedol, sing duwé
lemah mau tetep wenang nebus lemahé
menèh.

25 Yèn ana wong Israèl sing merga
saka mlaraté kepeksa ngedol lemahé,
sanak-seduluré sing cedhak dhéwé wajib
nebus lemah mau.
26 Yèn wong mau ora duwé sanak-
sedulur sing bisa nebus lemah kuwi, bisa
uga wong mau mbésuk yèn wis kuwat,
kuwagang nebus dhéwé.
27 Akèh sethithiké tebusan gumantung
saka cacahé taun panènan nganti tekané
Taun Yobèl. Ing Taun Yobèl lemah mau
wajib dibalèkaké marang sing duwé
biyèn.
28 Nanging yèn sing ngedol lemah mau
ora duwé dhuwit kanggo nebus, lemah
mau tetep dadi wewenangé sing tuku,
nganti tekané Taun Yobèl. Ing taun kuwi
lemah mau bakal bali dadi duwèké sing
ngedol biyèn.
29 Omah ing njeron kutha sing dipageri
témbok mubeng, yèn diedol kena ditebus
sajroné setaun sawisé dol-tinuku mau.
30 Yèn sajroné wektu kuwi ora ditebus,
wewenangé nebus omah mau ilang.
Omah kuwi saterusé dadi wewenangé
sing tuku turun-temurun. Ing Taun Yobèl
omah mau ora dibalèkaké marang sing
duwé biyèn.

31 Omah ing désa sing ora dipageri
témbok mubeng yèn diedol prenatané
padha karo lemah pategalan, yakuwi:
Sing ngedol wenang nebus omah mau,
lan ing Taun Yobèl omah mau kudu
dibalèkaké marang sing duwé.
32 Nanging wong Lèwi selawasé wenang
nebus omahé ing njeron kutha sing
ditetepaké dadi padunungané.
33 Éwadéné yèn wong Lèwi sing ngedol
omahé ing njeron kutha mau ora
nebus, omah mau ing Taun Yobèl kudu
dibalèkaké marang dhèwèké. Merga
omahé wong Lèwi sing ana ing njeron
kutha kuwi duwèké wong Lèwi ing
antarané umat Israèl, sing ora kena
diowah-owah.
34 Ara-ara minangka pangonan sing ana
ing kiwa-tengené kutha-kuthané wong
Lèwi babar-pisan ora kena diedol. Kuwi
duwèké wong Lèwi ing selawas-lawasé."
35 "Yèn ing panggonanmu ana
sedulurmu wong Israèl sing ora duwé
nganti ora bisa madeg dhéwé, kudu
koksokong, padha akèhé karo yèn kowé
ngopahi buruh harian. Kaya mengkono
patrapé enggonmu ngukup sedulurmu.

36 Kowé aja njaluk anakan dhuwit sing
kokutangaké marang sedulurmu sing
kesrakat mau. Kowé wedia marang Allah.
Karebèn sedulurmu mau lestari urip.
37 (25:36)
38 Mengkono dhawuhé Pangéran
Allahmu, sing ngirid kowé metu saka ing
tanah Mesir lan maringaké tanah Kenaan
marang kowé, supaya Panjenengané
jumeneng dadi Allahmu."
39 "Menawa ana sedulurmu wong
Israèl sing manggon ing sacedhakmu
nandhang kekurangan, nganti ngedol
awaké dhéwé dadi batur-tukonmu, wong
mau aja kokrengkuh kaya batur-tukon.
40 Wong kuwi anggepen buruh harian
ing omahmu tekan Taun Yobèl candhaké.
41 Ing wektu kuwi wong mau lan
anak-anaké kudu metu saka omahmu,
bali menyang kulawargané, lan menyang
palemahané leluhuré.
42 Bangsa Israèl kuwi abdiné Allah,
merga Panjenengané sing ngirid saka
tanah Mesir; mulané ora kena diedol
kaya batur-tukon.
43 Dadi wong Israèl sing dadi baturmu
ora kena disiya-siya. Padha wedia
marang Allah.

44 Yèn kowé butuh batur-tukon,
tukua sing asalé saka bangsa-bangsa
sakiwa-tengenmu.
45 Utawa tukua anak-anaké wong
manca sing manggon ing antaramu.
Anak-anaké wong manca sing lair
ing negaramu, kena kokdadèkaké
batur-tukonmu,
46 lan kena kokwarisaké marang
anak-anakmu selawasé urip. Nanging
pepadhamu wong Israèl ora kena
koksiya-siya.
47 Menawa ing tengahmu ana wong
manca dadi sugih, mangka ana
pepadhamu wong Israèl sing nandhang
kekurangan, lan ngedol awaké dadi
batur-tukoné wong manca mau utawa
marang sanak-seduluré wong manca
kuwi,
48 wong Israèl mau kena ditebus déning
seduluré lanang,
49 utawa déning pamané, utawa déning
naksanaké, utawa déning sanak-seduluré
sing cedhak. Utawa, menawa wong mau
ing tembé duwé dhuwit dhéwé, kena
nebus awaké dhéwé.
50 Wong sing dadi batur-tukon mau
kudu rembugan karo bendarané. Kudu

padha ngétung cacahé taun wiwit
enggoné dituku dadi batur-tukon tekan
Taun Yobèl candhaké. Sawisé mengkono
lagi netepaké pira sing kudu dibayar
kanggo panebusé. Rega mau kudu
ditetepaké manut opahé harian.
51 Wong sing dadi batur-tukon kudu
mbalèkaké sapérangané dhuwit patukon
manut cacahé taun tekan Taun Yobèl
candhaké,
52 (25:51)
53 dadi kaya buruh sing dibayar déning
bendarané, ora kena disiya-siya.
54 Menawa ora ana patrap liyané kanggo
ngluwari batur-tukon mau, dhèwèké lan
anak-anaké kudu diluwari ing Taun Yobèl
candhaké.
55 Wong Israèl ora kena dadi batur-
tukon selawasé urip, merga bangsa kuwi
abdiné Allah. Allah piyambak sing ngirid
bangsa mau metu saka ing tanah Mesir.
Panjenengané kuwi Pangéran, Allahé."
26 1 Gusti Allah ngandika, "Aja gawé
brahala utawa reca, lan tugu watu
ukir-ukiran kanggo sesembahan. Aku iki
Pangéran, Allahmu.

2 Padha nucèkaké dina Sabbat, dina-dina riaya liyané, lan Pedaleman-Ku. Aku iki Allah.

3 Yèn kowé padha netepi angger-angger-Ku lan nglakoni prenatan-prenatan-Ku,

4 Aku bakal paring udan ing mangsané, temah bumi bakal ngetokaké asilé, lan wit-witan bakal ngetokaké woh.

5 Pametuné palemahan bakal lubèr-lubèr. Durung rampung olèhmu ngenèni gandum, kowé wis kudu ngundhuh anggur. Lan wis tekan wayahé nyebar gandum, kowé isih ngundhuh anggur. Kowé ora bakal padha kekurangan pangan, lan manggon klawan ayem ing tanahmu.

6 Aku bakal nekakaké katentreman ing negaramu, nganti kowé bisa padha turu kepénak tanpa ana sing koksumelangaké. Kéwan galak bakal Daksingkiraké saka tanahmu lan ora bakal ana peprangan menèh.

7 Mungsuhmu bakal koktelukaké kabèh.

8 Wong lima ing antaramu bakal ngalahaké wong satus, lan wong satus bisa ngalahaké wong sepuluh èwu.

9 Kowé bakal Dakberkahi lan Dakparingi
sugih anak. Apa janji-Ku marang kowé,
bakal Daktetepi.
10 Panènmu bakal lubèr-lubèr, nganti
ora entèk kokpangan setaun. Malah
kowé bakal mbuwang sisané panèn
sing kepungkur, supaya ana panggonan
kanggo nyimpen panèn sing anyar.
11 Aku bakal dedalem ing tengahmu ing
Kémah Suci-Ku, lan ora bakal ninggal
kowé.
12 Aku bakal nunggal karo kowé lan
jumeneng dadi Allahmu, sarta kowé dadi
umat-Ku.
13 Aku, Pangéran Allahmu, sing ngirid
kowé saka ing tanah Mesir, supaya kowé
ora dadi batur-tukon menèh. Pangwasa
sing nindhes kowé wis Dakremuk,
supaya kowé dadi wong merdika."
14 Gusti Allah ngandika, "Sapa sing ora
netepi pepakon-Ku bakal diukum.
15 Yèn kowé padha nerak prejanjian-
Ku lan ngemohi angger-angger lan
pepakon-pepakon-Ku,
16 kowé bakal Dakukum. Aku bakal
nekakaké kasangsaran marang kowé.
Yakuwi lara panas sing ora kena
diwarasaké, sing marakaké mripatmu

dadi wuta lan uripmu ngenes. Kowé
bakal padha nyebar wiji, nanging ora
mangan pametuné, sebab mungsuh-
mungsuhmu bakal teka nelukaké kowé
lan ngentèkaké apa sing koktandur.
17 Kowé bakal Dakajar, nganti
bakal ditelukaké déning mungsuh-
mungsuhmu, lan wong sing sengit
marang kowé kuwi sing bakal ngerèh
kowé. Saka wediné kowé bakal padha
mlayu, senajan ora ana sing ngoyak.
18 Yèn sawisé ngalami kuwi kabèh kowé
meksa durung gelem mbangun-turut,
paukuman-Ku bakal Daktikelaké pitu.
19 Kowé pancèn puguh banget, nanging
bakal Dakeluk. Ora bakal ana udan,
nganti lemahmu bakal garing, dadi atos
kaya watu.
20 Kangèlanmu bakal tanpa gawé,
sebab lemahmu bakal ora ngetokaké
apa-apa, wit-witan sing koktandur bakal
ora ngetokaké woh.
21 Yèn kowé meksa isih durung
gelem mbangun-turut marang Aku,
paukuman-Ku bakal Daktikelaké pitu
menèh.
22 Aku bakal nekakaké kéwan galak,
sing nubruk anak-anakmu, mangsa

raja-kayamu lan kowé dhéwé nganti
ludhes, mula cacahmu kari sethithik,
nganti dalan-dalan ing tanahmu bakal
dadi sepi.
23 Yèn sawisé lelakon kuwi kabèh kowé
meksa durung gelem mbangun-turut,
malah tetep nglawan marang Aku,
24 kowé bakal terus Dakajar lan aboté
ukuman-Ku bakal Dakgawé tikel pitu
ketimbang sing uwis-uwis.
25 Aku bakal nekakaké peprangan
kanggo ngajar kowé merga enggonmu
nerak prejanjian-Ku. Lan samasa kowé
ngungsi ana ing kutha, Aku bakal
nekakaké pageblug, yakuwi lelara sing
ora kena diwarasaké, nganti kowé bakal
kepeksa pasrah bongkokan marang
mungsuhmu.
26 Kowé bakal kentèkan pangan, nganti
wong wadon sepuluh cukup nganggo
panggangan roti siji, kanggo manggang
rotiné. Pangan bakal dipanci, lan senajan
wis mangan éwadéné bakal isih ngelih.
27 Yèn sawisé mengkono kowé meksa
isih nglawan marang Aku lan ora gelem
mbangun-turut,

28 Aku bakal duka lan nibakaké bebendu
sing aboté tikel pitu ketimbang karo sing
uwis-uwis.

29 Kowé bakal keluwèn nganti téga
mangan anakmu dhéwé.

30 Panggonanmu nyembah brahala ing
punthuk-punthuk bakal Dakgempur,
mesbèh-mesbèhmu sing kokenggo
ngobong menyan bakal Dakjugrugaké,
lan bangké-bangkému bakal
Daktumpangaké ing bathangé
brahala-brahalamu sing wis ambruk.
Kowé bakal Daktampik,

31 kutha-kuthamu bakal Daklebur,
panggonan-panggonan sing kokenggo
memuja brahalamu bakal Dakgempur,
lan Aku bakal ora sudi nampa kurban-
kurban sing koksaosaké.

32 Negaramu bakal Dakdadèkaké ludhes
nganti mungsuh-mungsuhmu bakal
gumun ndeleng karusakan sing semono
mau.

33 Aku bakal nekakaké peprangan ing
tanahmu, lan kowé bakal Daksebar ing
antarané para bangsa. Palemahanmu
bakal dadi ara-ara samun, lan kutha-
kuthamu bakal kari reruntuhan.

34 Ing wektu kuwi lemahmu sing ora
tau kokwènèhi ngaso, bakal ngrasakaké
ngaso. Sajroné kowé padha ana ing
pembuwangan, lan urip ing antarané
mungsuh-mungsuhmu, lemahmu bakal
ora kegarap.
35 (26:34)
36 Ana ing pembuwangan, ing tanahé
mungsuh-mungsuhmu kowé bakal
tansah nandhang giris, nganti krungu
kumrisiké godhong sing keterak angin
waé kowé bakal mlayu merga wedi.
Kowé bakal keplayu kaya wong sing
dioyak mungsuh ing peprangan, lan
kowé bakal padha tiba, senajan ing
kiwa-tengenmu ora ana mungsuh.
37 Kowé bakal padha mlayu, sing siji
nabrak sijiné, senajan ora ana sing
ngoyak, sarta kowé bakal ora keconggah
nglawan apa waé sing kokanggep
mungsuh.
38 Kowé bakal padha mati ing tanah
pembuwangan, tumpes déning mungsuh
sing negarané kokenggoni.
39 Mung sapérangan cilik kekarèné
bangsamu bakal urip menggrak-
menggrik ana ing tanahé mungsuhmu

merga saka paneraké dhéwé lan
paneraké para leluhuré.
40 Nanging anak-turunmu bakal
ngrumangsani paneraké dhéwé lan
paneraké leluhuré, yakuwi enggoné
nglawan marang Aku, lan mbrontak Aku,
41 nganti Dakbuyaraké lan Daksebar
ana ing negara-negaraning mungsuhé.
Wekasané, sawisé anak-turunmu mau
gelem ngrumangsani lan nyangga
paukumané dosané enggoné mbrontak
Aku,
42 Aku bakal ngélingi prejanjian-Ku,
yakuwi maringaké tanah mau marang
umat-Ku.
43 Nanging tanah kuwi kudu
disuwungaké, supaya bisa aso
temenan. Lan umat-Ku kudu nyangga
sakèhing paukumané enggoné ora gelem
nglakoni angger-angger-Ku lan ora
ngèstokaké pepakon-pepakon-Ku.
44 Senajana mengkono selawasé
manggon ing negarané mungsuh, ora
bakal Daktégakaké utawa Daksirnakaké.
Merga saupama Daksirnakaké ateges
Aku ora setya karo janji-Ku, mangka Aku
iki Pangéran, Allahé.

45 Aku bakal éling marang prejanjian-Ku
karo para leluhuré, sing Dakirid metu
saka ing tanah Mesir srana ngetingalaké
pangwasa-Ku marang para bangsa
kabèh, maksudé supaya Aku jumeneng
dadi Allahé."
46 Kaya mengkono angger-angger lan
prenatan-prenatan sing diparingaké
déning Allah ana ing Gunung Sinai,
marang Musa, kanggo bangsa Israèl.

27

1 Gusti Allah maringaké prenatan
marang Musa kanggo bangsa
Israèl mengkéné: "Wong sing disaosaké
marang Allah srana kaul,
2 (27:1)
3 kena diluwari nganggo mbayar dhuwit
manut pengaji resmi, sing diprenata
mengkéné: — Wong lanang, sing umuré
60 taun luwih: ajiné 15 dhuwit slaka.; —
Wong wadon, sing umuré 60 taun luwih:
ajiné 10 dhuwit slaka.; — Wong lanang,
sing umuré 20 tekan 60 taun: ajiné 50
dhuwit slaka.; — Wong wadon diwasa:
ajiné 30 dhuwit slaka.; — Bocah lanang,
sing umuré 5 tekan 20 taun: ajiné 20
dhuwit slaka.; — Bocah wadon: ajiné 10
dhuwit slaka.; — Bocah lanang sangisoré

5 taun: ajiné 5 dhuwit slaka.; — Bocah
wadon cilik: ajiné 3 dhuwit slaka.
4 (27:3)
5 (27:3)
6 (27:3)
7 (27:3)
8 Yèn sing kaul mau wong ora duwé,
dadi ora kuwat mbayar pengaji sing
ditetepaké mau, kudu nggawa wong
utawa bocah sing disaosaké marang
Allah srana kaul mau marang imam.
Imam kudu netepaké pengaji sing luwih
cendhèk manut kekuwatané wong mau.
9 Yèn sing disaosaké marang Allah
srana kaul mau kéwan sing kena dienggo
kurban, ora kena diijoli nganggo kéwan
liya, merga apa sing disaosaké marang
Allah kuwi suci. Yèn meksa diijoli
kéwan liyané, kéwan loro-loroné dadi
kagungané Allah.
10 (27:9)
11 Yèn sing dikaulaké mau kéwan sing
karam, dadi ora kena digawé kurban,
wongé sing kaul mau kudu nggawa
kéwané marang imam.
12 Imam kudu netepaké regané kéwan
mau. Rega sing wis ditetepaké mau ora
kena dienyang.

13 Yèn wongé kepéngin nebus nganggo
dhuwit, dhèwèké kudu mbayar regané
kéwan mau diluwihi sapralimané.
14 Yèn ana wong nyaosaké omahé
marang Allah srana kaul, imam kudu
netepaké regané omah mau manut
kaananané omahé. Rega sing ditetepaké
mau ora kena dienyang.
15 Yèn wongé arep ngijoli omah mau
nganggo dhuwit, kudu mbayar regané
diluwihi sapralimané.
16 Yèn ana wong arep nyaosaké
sapéranganė lemahé marang Allah,
regané kudu ditetepaké miturut akèhé
wiji gandum sing dibutuhaké saupama
lemah mau digarap. Saben rong puluh
kilogram wiji gandum diregani sepuluh
dhuwit slaka.
17 Menawa lemah mau disaosaké pas
salebaré Taun Yobèl, kudu dibayar mung
manut apa regané waé.
18 Yèn enggoné nyaosaké lemah mau
wis sawetara taun salebaré Taun Yobèl,
imam kudu ngétung pira pengajiné
lemah mau saupama diedol pas
salebaré Taun Yobèl, banjur ngétung isih
pirang taun menèh tekané Taun Yobèl

candhaké, nuli netepaké regané lemah
mau sangisoré pengajiné.
19 Yèn wongé arep nebus lemah sing
disaosaké mau, kudu mbayar regané
lemah diluwihi sapralimané.
20 Yèn wong mau ngedol lemahé
tanpa mbayar tebusané marang Allah,
wewenangé nuku bali lemah mau ilang.
21 Ing Taun Yobèl lemah mau selawas-
lawasé dadi kagungané Allah lan
diparingaké marang para imam.
22 Yèn ana wong nyaosaké marang Allah
lemah olèhé tuku,
23 imam kudu neksir regané manut
cacahé taun tekan Taun Yobèl candhaké.
Wong mau ing dina kuwi uga kudu
mbayar rega sing ditetepaké déning
imam. Dhuwit kuwi dadi kagungané
Allah.
24 Ing Taun Yobèl, lemah mau
dibalèkaké marang sing duwé sekawit,
utawa marang anak-turuné.
25 Sakèhing rega kudu ditetepaké
manut pathokan sing kanggo ing Kémah
Suci.
26 Anak pembarepé kéwan, kuwi dadi
kagungané Allah, mulané ora kena
disaosaké dadi kurban manasuka.

Pedhèt, cempéné wedhus gèmbèl utawa cempéné wedhus jawa kuwi kagungané Allah.
27 Anak pembarepé kéwan sing karam kena ditebus nganggo rega resmi, diluwihi sapralimané. Yèn kéwan mau ditebus, kena diedol marang wong liya nganggo rega resmi.
28 Wong ora kena ngedol utawa nuku menèh barang sing wis disaosaké marang Allah tanpa sarat, iya sing rupa manungsa, iya kéwan utawa palemahan. Ing selawas-lawasé dadi kagungané Allah.
29 Malah manungsa pisan sing wis diruwat manut prenatané Allah ora kena ditebus; wong mau kudu dipatèni.
30 Sapraseｐuluhé pametuné bumi kabèh, iya gandum iya woh-wohan kudu kasaosaké marang Allah.
31 Yèn sing duwé arep nebus sapérangan, kudu mbayar apa mesthiné, diluwihi sapralimané.
32 Sapraseｐuluhé raja-kaya kuwi kagungané Allah. Yèn kéwan-kéwan disaosaké, saben kéwan sing kasepuluh kudu disaosaké marang Allah.

33 Sing duwé raja-kaya mau ora kena
milihi sing becik-becik utawa sing
ala-ala, utawa nglironi. Yèn dilironi,
kéwan sing dilironi lan sing kanggo
nglironi loro-loroné dadi kagungané Allah
lan ora kena ditebus."
34 Kaya mengkono prenatan sing
didhawuhaké déning Allah ana ing
Gunung Sinai, marang Musa, kanggo
bangsa Israèl.

Bilangan

1 [1] Nalika tanggal siji, sasi kapindho,
taun kapindho sawisé bangsa Israèl
metu saka tanah Mesir, Gusti Allah
ngandika marang Musa ing Kémah
Palenggahané Allah ana ing ara-arané
pegunungan Sinai,
[2] dhawuhé, "Kowé lan Harun padha
nacahna wong Israèl miturut taler[a] lan
kulawargané dhéwé-dhéwé. Gawéa
cathetan jenengé wong lanang kabèh,
[3] sing umur rong puluh taun munggah,
sing wis bisa perang.
[4] Saben taler konen ngangkat
penggedhé kanggo ngréwangi kowé."
[5] Iki daftaré para penggedhéné taler-
taler ing Israèl, sing dipilih nindakaké
pegawéan mau: (Taler-Penggedhéné
taler); Rubèn-Élizur bin Sédhéur;
Siméon-Sélumièl bin Zurisiadai; Yéhuda-
Nahason bin Aminadab; Isakar-Nétanéèl
bin Zuar; Zébulon-Éliab bin Hélon;
Éfraim-Élisama bin Amihud; Manasyè-
Gamalièl bin Pédazur; Bènyamin-Abidan

---

[a] taler: ingkang nurunaken; pancer; gotrah.

bin Gédéoni; Dhan-Ahiézer bin
Amisiadai; Asyèr-Pagièl bin Okran;
Gad-Éliasaf bin Déhuèl; Naftali-Ahira bin
Énan.
6 (1:5)
7 (1:5)
8 (1:5)
9 (1:5)
10 (1:5)
11 (1:5)
12 (1:5)
13 (1:5)
14 (1:5)
15 (1:5)
16 (1:5)
17 Wong rolas mau ngréwangi Musa lan
Harun,
18 nglumpukaké wong Israèl kabèh ing
tanggal siji, sasi kapindho lan nyathet
wong mau kabèh miturut taler lan
kulawargané dhéwé-dhéwé. Kabèh
wong lanang sing umur rong puluh taun
munggah dicathet lan dicacahaké,
19 kaya sing didhawuhaké déning Allah.
Kabèh mau ditindakaké déning Musa ana
ing ara-arané pegunungan Sinai.
20 Wong-wong lanang sing umur rong
puluh taun munggah lan bisa dadi

prejurit, jenengé dicathet miturut
taleré lan kulawargané wiwit saka
taler Rubèn, anak pembarepé Yakub;
cathetan mau mengkéné: (Taler-Cacah);
Rubèn-46.500; Siméon-59.300; Gad-
45.650; Yéhuda-74.600; Isakar-54.400;
Zébulon-57.400; Éfraim-40.500;
Manasyè-32.200; Bènyamin-35.400;
Dhan-62.700; Asyèr-41.500; Naftali-
53.400; Gunggungé kabèh: 603.550;
21 (1:20)
22 (1:20)
23 (1:20)
24 (1:20)
25 (1:20)
26 (1:20)
27 (1:20)
28 (1:20)
29 (1:20)
30 (1:20)
31 (1:20)
32 (1:20)
33 (1:20)
34 (1:20)
35 (1:20)
36 (1:20)
37 (1:20)
38 (1:20)

39 (1:20)
40 (1:20)
41 (1:20)
42 (1:20)
43 (1:20)
44 (1:20)
45 (1:20)
46 (1:20)
47 Wong Lèwi ora mèlu diétung,
48 merga Gusti Allah wis ngandika
marang Musa,
49 "Yèn kowé nyathet jeneng-jenengé
wong sing bisa dadi prejurit, wong Lèwi
ora susah kokkatutaké.
50 Wong Lèwi kuwi sakulawargané konen
ngupakara Kémah Palenggahané Allah.
Kuwajibané yakuwi: Ngangkat Kémah
Palenggahané Allah saubarampéné sarta
dadi imam sing leladi ing Kémah mau.
Wong-wong mau padha manggona ing
sakiwa-tengené Kémah Suci.
51 Samasa ngalih panggonan, wong
Lèwi kudu ngrucati Kémah Suci mau
lan masang menèh ing liya panggonan.
Kejaba wong Lèwi, sapa waé sing
nyedhak ing Kémah Palenggahané Allah
kudu diukum pati.

52 Wong Israèl liyané kudu padha
ngedegaké kémahé dhéwé-dhéwé;
saben wong mèlu klompok lan miturut
gendérané dhéwé.
53 Nanging para wong Lèwi kudu
ngedegaké kémahé cedhak karo Kémah
Suci mau. Kudu padha njaga aja nganti
ana wong nyedhak mrono, supaya Aku
ora duka lan ngukum umat Israèl."
54 Wong Israèl padha nglakoni sakèhé
dhawuhé Allah sing diparingaké marang
Musa mau.
2 1 Gusti Allah maringaké prenatan
marang Musa lan Harun mengkéné:
2 Samasa wong Israèl ngaso ing papan
palèrènan, saben wong kudu ngedegaké
kémahé saklompok-saklompok miturut
gendéra sing nengeri golongané.
Yakuwi gambar sing mrelambangi
taleré. Kémah-kémah mau kabèh kudu
didegaké ngubengi Kémah Palenggahané
Allah.
3 Ing sisih Wétan kémahé golongan
Yéhuda, sing kudu ngedegaké kémahé
miturut klompok lan penggedhéné
dhéwé-dhéwé, ditata mengkéné: (Taler-
Penggedhéné-Cacah); Yéhuda-Nahason
bin Aminadab-74.600; Isakar-Nétanéèl

bin Zuar-54.400; Zébulon-Éliab bin
Hélon-57.400; Gunggungé kabèh:
186.400; Golongan Yéhuda kudu mlaku
ing ngarep dhéwé.
4 (2:3)
5 (2:3)
6 (2:3)
7 (2:3)
8 (2:3)
9 (2:3)
10 Ing sisih Kidul kémahé golongan
Rubèn, kudu ngedegaké kémahé
miturut klompok lan penggedhéné
dhéwé-dhéwé, ditata mengkéné:
Taler-Penggedhéné-Cacah; Rubèn-Élizur
bin Sédhéur-46.500; Siméon-Sélumièl
bin Zurisiadai-59.300; Gad-Éliasaf bin
Déhuèl-45.650; Gunggungé kabèh:
151.450; Golongan Rubèn kudu mlaku
ing mburiné golongan Yéhuda.
11 (2:10)
12 (2:10)
13 (2:10)
14 (2:10)
15 (2:10)
16 (2:10)
17 Samburiné golongan Rubèn taler
Lèwi, karo mikul Kémah Palenggahané

Allah. Saben klompok lakuné miturut
urut-urutan kaya enggoné ngedegaké
kémah, iya miturut gendérané
golongané. Golongan Lèwi kudu mlaku
ing samburiné golongan Rubèn.
18 Ing sisih Kulon kémahé golongan
Éfraim, saben wong kudu ngedegaké
kémahé miturut klompok lan
penggedhéné dhéwé-dhéwé, ditata
mengkéné: Taler-Penggedhéné-Cacah;
Éfraim-Élisama bin Amihud-40.500;
Manasyè-Gamalièl bin Pédazur-32.200;
Bènyamin-Abidan bin Gédéoni-35.400;
Gunggungé kabèh: 108.100; Golongan
Éfraim kudu mlaku ing mburiné golongan
Lèwi.
19 (2:18)
20 (2:18)
21 (2:18)
22 (2:18)
23 (2:18)
24 (2:18)
25 Ing sisih Lor kémahé golongan Dhan,
sing kudu padha ngedegaké kémahé
miturut klompok lan penggedhéné
dhéwé-dhéwé, ditata mengkéné: (Taler-
Penggedhéné-Cacah); Dhan-Ahiézer
bin Amisiadai-2.700; Asyèr-Pagièl bin

Okran-41.500; Naftali-Ahira bin Énan-
53.400; Gunggungé kabèh: 157.600;
Golongan Dhan kudu mlaku ing mburi
dhéwé.
26 (2:25)
27 (2:25)
28 (2:25)
29 (2:25)
30 (2:25)
31 (2:25)
32 Cacahé bangsa Israèl sing dicathet
miturut taler ing klompoké dhéwé-
dhéwé, kabèh gunggungé 603.550.
Miturut dhawuhé Allah marang Musa,
33 wong Lèwi ora diétung bareng karo
wong-wong Israèl liyané.
34 Mengkono wong Israèl padha nglakoni
sakèhé dhawuhé Allah marang Musa.
Wong-wong mau padha ngedegaké
kémahé seklompok-seklompok miturut
gendérané dhéwé-dhéwé, lan mlaku
miturut urut-urutané keturunané
dhéwé-dhéwé.

3 1 Iki anak-turuné Harun lan Musa,
nalika Gusti Allah ngandika karo
Musa ana ing Gunung Sinai.

2 Harun duwé anak lanang papat, yakuwi: Nadab, pembarep; banjur Abihu, Èléazar lan Itamar.
3 Enggoné padha ditetepaké dadi imam nganggo upacara, sirahé diesoki lenga jebad.
4 Nanging Nadab lan Abihu padha tinggal-donya ana ing ara-ara samun, nalika ngobong dupa nganggo geni sing ora disengker déning Allah. Wong loro mau padha ora duwé turun. Dadi nalika Harun isih urip, mung kari Èléazar lan Itamar sing nindakaké pegawéan imam.
5 Gusti Allah ngandika marang Musa,
6 "Wong-wong taleré Lèwi konen sowan mréné, supaya diangkat dadi réwangé Harun.
7 Kaum Lèwi kudu leladi ing Kémah Palenggahané Allah lan diwajibaké ngladèni para imam minangka gantiné umat Israèl kabèh.
8 Kudu padha ngupakara praboté Kémah Suci lan nglakoni ayahan-ayahan[b] kanggo umat Israèl liyané.
9 Ringkesé kaum Lèwi mligi ngladèni Harun lan anak-anaké.

---

[b]ayahan: kuwajiban, tugas.

10 Harun lan anak-anaké kudu
koktetepaké dadi imam. Liyané wong-
wong kuwi, sapa waé sing kumawani
nglakoni ayahan imam bakal diukum
pati."
11 Pangandikané Gusti Allah marang
Musa,
12 "Kaum Lèwi kuwi saiki Dakpilih
mligi kanggo Aku dhéwé. Nalika Aku
matèni anak pembarepé wong Mesir,
Aku wis milih anak pembarepé saben
brayaté umat Israèl lan anak pembarepé
kéwan-kéwané. Dadi minangka gantiné
anak lanang pembarepé wong Israèl,
Aku milih wong Lèwi kanggo Aku dhéwé;
wong-wong kuwi dadi duwèk-Ku. Aku iki
Allah."
13 (3:12)
14 Ana ing ara-ara samuné pegunungan
Sinai Gusti Allah dhawuh marang Musa,
15 supaya nyathet kaum Lèwi miturut
leluhuré lan kulawargané dhéwé-dhéwé.
Saben bocah lanang umur sesasi
munggah jenengé kudu dicathet.
16 Musa iya banjur nindakaké apa sing
didhawuhaké déning Allah mau.
17 Lèwi duwé anak lanang telu, yakuwi:
Gèrson, Kéhat lan Mérari. Wong telu

kuwi sing dadi leluhuré wong Lèwi,
sing nurunaké turun telu, sing disebut
miturut jenengé leluhur siji-sijiné.
Gèrson duwé anak lanang loro, yakuwi:
Libni lan Simèi. Kéhat duwé anak lanang
papat, yakuwi: Amram, Yizhar, Hébron
lan Uzièl. Mérari duwé anak lanang
loro, yakuwi: Mahli lan Musi. Kuwi mau
kabèh padha dadi leluhuré kulawarga,
sing disebut miturut jenengé leluhuré
dhéwé-dhéwé.
18 (3:17)
19 (3:17)
20 (3:17)
21 Turuné Gèrson yakuwi kulawargané
Libni lan kulawargané Simèi.
22 Cacahé bocah lanang sing umur
sesasi munggah ana 7.500.
23 Sing dadi penggedhéné yakuwi
Èléazar bin Laèl. Turuné Gèrson mau
kudu ngedegaké kémahé ing sisih Kulon,
mburiné Kémah Suci,
24 (3:23)
25 sarta dipasrahi ngurusi payoné
Kémah njaba njero, geber ing lawangé
Kémah,
26 geber-geber ing plataran sing
ngubengi Kémah lan mesbèh, sarta

geber ing gapuraning plataran. Dadiné padha dipasrahi nindakaké sakèhé pegawéan sing magepokan karo barang-barang mau.
27 Turuné Kéhat yakuwi: kulawargané Amram, Yizhar, Hébron lan Uzièl.
28 Cacahé bocah lanang sing umur sesasi munggah ana 8.600.
29 Penggedhéné yakuwi Élisafan bin Uzièl. Turuné Kéhat mau kudu ngedegaké kémahé ing sakidulé Kémah Suci.
30 (3:29)
31 Kuwajibané ngurusi Pethi Prejanjian, méja, lampu-lampu, mesbèh-mesbèh, lan kabèh piranti sing dienggo para imam ing Papan Suci, semono uga geber ing Sasana Mahasuci. Dadiné padha dipasrahi ngurusi sakèhé pegawéan sing magepokan karo barang-barang mau.
32 Penggedhéné taler Lèwi yakuwi Èléazar, anaké Harun. Wong kuwi dipasrahi nata wong-wong sing kuwajiban ngladèni ing Papan Suci.
33 Turuné Mérari yakuwi kulawargané Mahli lan kulawargané Musi.
34 Cacahé wong lanang sing umur sesasi munggah ana 6.200.

35 Penggedhéné turun-Mérari yakuwi
Zurièl bin Abihail. Turun-Mérari kudu
ngedegaké kémahé ing saloré Kémah
Suci.
36 Turun-Mérari mau dipasrahé ngurusi
balungané Kémah, yakuwi cagak-cagak,
blandar, umpak lan sakèhé praboté.
Dadiné padha diwajibaké nglakoni
sakèhé pegawéan sing magepokan karo
barang-barang mau.
37 Uga padha dipasrahi ngurusi cagak-
cagak, umpak, pathok-pathok lan tali-tali
sing ana ing plataran njaba.
38 Musa lan Harun sarta anak-anaké
kudu ngedegaké kémahé ing ngarepé
Kémah Palenggahané Allah, yakuwi
ing sisih wétané; lan padha dipasrahi
nindakaké upacara pangibadah kanggo
bangsa Israèl ing Papan Suci. Wong
liyané, sapa waé, sing wani-wani
nindakaké upacara mau kudu diukum
pati.
39 Cacahé wong lanang turuné Lèwi
sing umur sesasi munggah dicathet
miturut kulawargané dhéwé-dhéwé atas
dhawuhé Allah, cacahé kabèh 22.000.
40 Gusti Allah ngandika marang Musa,
"Sakèhé anak lanang pembarep ing

Israèl kuwi duwèk-Ku. Dadi, catheten
jenengé saben anak lanang pembarep
ing Israèl sing umur sesasi munggah.
Nanging kanggo ijolé Aku netepaké
wong Lèwi kabèh dadi duwèk-Ku! Aku iki
Allah! Lan raja-kayané wong Lèwi uga
Daktetepaké kanggo ijolé sakèhé kéwan
ing Israèl sing lair sepisanan."
41 (3:40)
42 Musa nindakaké apa sadhawuhé
Allah; jenengé anak pembarep sing
umur sesasi munggah kabèh dicathet,
cacahé kabèh 22.273.
43 (3:42)
44 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa,
45 "Saiki kowé nyaosna wong Lèwi
kabèh dadi duwèk-Ku kanggo gantiné
bocah lanang pembarep ing Israèl
kabèh; mengkono uga saosna raja-
kayané wong Lèwi kanggo ijolé raja-kaya
anak-sepisanan duwèké wong Israèl.
46 Sarèhné cacahé anak lanang
pembarep ing Israèl kacèk 273 luwih
akèh ketimbang karo anak-anaké Lèwi,
mulané luwihané, 273 kuwi kudu ditebus
nganggo dhuwit slaka 5 iji miturut rega
resmi;

47 (3:46)
48 dhuwit mau kudu dipasrahaké
marang Harun lan anak-anaké."
49 Musa uga banjur nindakaké dhawuh
mau;
50 njupuk dhuwit slaka 1.365 iji,
51 dipasrahaké marang Harun lan
anak-anaké.
4 1 Gusti Allah ndhawuhi Musa
2 ngétung wong Lèwi turun-Kéhat
miturut kulawargané dhéwé-dhéwé,
3 sarta nyathet jenengé wong lanang
kabèh sing umur antarané telung
puluh tekan sèket taun, sing bisa
nyambut-gawé ing Kémah Suci.
4 Kuwajibané wong-wong mau ngrumati
barang-barang sing suci banget.
5 Déné dhawuhé Gusti Allah marang
Musa mau mengkéné, "Ing wektuné
mbedhol Kémah Suci, Harun lan
anak-anaké kudu mlebu ing Kémah,
ngedhunaké geber sing ana ing ngarepé
Pethi Prejanjian, nuli nutupi Pethiné
nganggo geber mau.
6 Sawisé kuwi geberé banjur ditutup
nganggo lembaran kulit sing alus, lan
kulit alus mau dilapisi mori biru. Sawisé

kuwi lagi kayuné sing kanggo ngusung
dipasang."
7 Méja sing dienggo nyaosaké roti sesaji
konjuk marang Allah kudu ditaplaki
nganggo mori biru. Ing méja mau kudu
disèlèhi piring, baki wadhah dupa, baki
sesaosan, lan kendhi isi anggur saosan.
Selawasé kudu ana roti cumawis ing
méja kono.
8 Kabèh mau kudu ditutupi nganggo
mori abang, isih ditumpangi menèh
tutup saka kulit alus salembar. Kayuné
sing kanggo ngusung nuli dipasang.
9 Papan kanggo nyèlèhaké lan lampu-
lampuné semono uga sapit lan tadhahé
langes sarta wadhahé lenga zaitun kudu
ditutupi nganggo mori biru.
10 Pedamaran[c] mau saubarampéné kudu
dibuntel nganggo kulit alus selembar lan
ditumpangaké ing pengusungan.
11 Méja emas uga kudu ditaplaki mori
biru, banjur ditutupi nganggo kulit alus
selembar. Sawisé kuwi kayuné sing
kanggo ngusung mesbèh mau dipasang.
12 Kabèh prabot sing dienggo ing Papan
Suci kudu dijupuk lan dibuntel nganggo
mori biru. Banjur kudu ditutupi nganggo

---

[c]Pedamaran: papan kanggé nyèlèhaken lampu.

kulit alus selembar, sawisé kuwi banjur
ditumpangaké ing pengusungan.
13 Awu lan gajih sing temèmplèk ing
mesbèh kudu diresiki, sawisé mengkono
mesbèhé kudu ditutupi nganggo mori
wungu selembar.
14 Sakèhé piranti sing dienggo ing
upacara saos kurban ing mesbèh
kudu ditumpangaké ing kono, yakuwi:
pedupan, garpu, cuthik lan jembangan.
Kabèh mau kudu ditutupi nganggo
kulit alus salembar, kayu sing kanggo
ngusung banjur dipasang.
15 Yèn wis wektuné wong kabèh
mbedhol kémahé, turuné Kéhat kudu
padha ngangkat lan mikuli barang-
barang suci mau, yakuwi sawisé Harun
lan anak-anaké rampung enggoné
nutupi barang mau saprabopté kabèh.
Wong-wong turun-Kéhat kuwi ora kena
nggepok barang-barang suci mau;
yèn nggepok mesthi bakal mati. Kaya
mengkono kuwajibané kaum Kéhat
samasa Kémah Suci dielih menyang liya
panggonan.
16 Èléazar, anaké Harun, dipasrahi
ngurusi Kémah Suci mau kabèh, uga
lengané lampu-lampu, dupa, kurban

dhaharan, lenga jebat, lan sarupané
barang sing ana ing Kémah Suci kono,
sing dipilih kagem Allah.
17 Gusti Allah ngandika marang Musa
lan Harun,
18 "Barang-barang kuwi kabèh Dakpilih,
mulané kudu dicegah aja nganti kaum
Kéhat cedhak-cedhak mrono, supaya
aja nemahi mati. Supaya aja kedadéan
sing mengkono Harun lan anak-anaké
kudu ngandhani saben wong Kéhat sing
ngladèni ing Kémah Suci bab kuwajibané
dhéwé-dhéwé lan barang apa sing kudu
digawa samasa Kémah mau dipindhah.
19 (4:18)
20 Éwasemono yèn meksa ana wong
Kéhat sing mlebu ing Kémah lan
ndeleng imam-imam enggoné ngringkesi
barang-barang suci sing arep digawa
ngalih ing panggonan liya, wong mau
bakal mati."
21 Gusti Allah dhawuh marang Musa
22 ngétung wong Lèwi turuné Gèrson,
miturut kulawargané dhéwé-dhéwé.
23 Musa kudu nyathet saben wong
lanang sing umuré antarané telung puluh
tekan sèket taun, sing bisa nyambut-

gawé ana ing Kémah Palenggahané
Allah.
24 Turun-Gèrson dipasrahi mikuli
payoné Kémah njaba-njero; lembaran
kulit alus sing dienggo nutupi, geberé
lawang Kémah,
25 (4:24)
26 geber-geber sing ana ing plataran
saubengé Kémah lan mesbèh; geber
sing ana ing gapuranė plataran, lan
sakèhé prabot sing dienggo masang
barang-barang mau. Turuné Gèrson
dipasrahi nindakaké sakèhé pegawéan
sing magepokan karo barang-barang
mau.
27 Musa lan Harun kudu nggatèkaké
supaya pegawéan sing dipasrahaké
déning Harun lan anak-anaké marang
turuné Gèrson padha ditindakaké ing
samesthiné; lan kabèh barang sing kudu
digawa, supaya digawa.
28 Kaya mengkono kuwajibané turuné
Gèrson ing Kémah Suci. Tumindaké
pegawéan mau diatur déning Itamar,
anaké Harun.
29 Gusti Allah paring dhawuh marang
Musa ngétung wong Lèwi turuné Mérari,
miturut kulawargané dhéwé-dhéwé.

30 Musa kudu nyathet jenengé wong
lanang sing umuré antarané telung
puluh tekan sèket taun, sing bisa
nyambut-gawé ana ing Kémah Suci.
31 Turun-Mérari kuwi kuwajibané
nggawa raganganė Kémah, yakuwi
blandar-blandar, cagak-cagak sing ana
ing plataran saubengé Kémah sarta
umpak-umpaké, pathok-pathok lan
tali-tali, karo sakèhé bekakas kanggo
ngedegaké. Saben wong diwènèhi
kuwajiban nggawa barang sing wis
ditemtokaké.
32 (4:31)
33 Kaya mengkono kuwajibané turun-
Mérari kanggo ngurusi Kémah Suci.
Tumindaké pegawéan mau diatur déning
Itamar anaké Harun.
34 Miturut dhawuhé Allah, Musa Harun
lan parapenggedhéné umat Israel padha
nganakaké cacah jiwa sing kaping teluné
kanggo taler Léwi, yakuwi turuné Kéhat,
turuné Gèrson lan turuné Mérari. Cacah
jiwa mau dianakaké miturut keturunan,
kulawarga, sarta brayaté dhéwé-dhéwé.
Jenengé wong lanang kabèh sing umur
telung puluh taun tekan sèket taun,
sing bisa nyambut-gawé ing Kémah

Suci dicathet, olèh-olèhané mengkéné:
(Turuné-Cacahé); Kéhat-2.750; Gèrson-
2.630; Mérari-3.200; Gunggungé kabèh:
8.580;
35 (4:34)
36 (4:34)
37 (4:34)
38 (4:34)
39 (4:34)
40 (4:34)
41 (4:34)
42 (4:34)
43 (4:34)
44 (4:34)
45 (4:34)
46 (4:34)
47 (4:34)
48 (4:34)
49 Miturut dhawuhé Allah lantaran
Musa saben wong jenengé dicathet lan
ditetepaké kuwajibané dhéwé-dhéwé
sing kudu ditindakaké lan sing kudu
digawa samasa Kémah Suci dielih ing
panggonan liya.

5 1 Gusti allah dhawuh marang Mus,
2 "Wong Israèl dhawuhana
mengkéné: Wong sing lara kusta, wong
sing ngetokaké umbel mani, lan wong

sing nggepok layon, kudu dllungakaké
saka kémahé wong Israèl.
3 Wong mau kudu dikon lunga, supaya
aja gawé najisé papan sing Dakenggoni
bebarengan karo umat-Ku."
4 Wong Israèl iya banjur nindakaké
dhawuh mau. Kabèh wong sing
nandhang lelara kaya kasebut ing
ndhuwur mau padha dilungakaké saka
kémah.[d]
5 Gusti Allah maringaké prenatan-
prenatan marang Musa, kangge bangsa
Israèl mengkéné: Yén ana wong sing
ora setya marang Allah lan gawé ruginé
pepadhané,
6 (5:5)
7 wong mau kudu ngakoni salahé lan
ngijoli marang wong sing digawé tuna,
dipunjuli rong puluh persèn.
8 Nanging yén wong sing digawé tuna
mau wis mati, mangka ora duwé sanak
sedulur sing cedhak, ijolé kudu disaosaké
marang Allah, lan dadi bagéané imam.
Kejaba kuwi isih ditambahi wedhus
jawa lanang sing dienggo saos kurban
pangruwating dosané.

---

[d]tetempuh: leliru: ijol ganti rugi (Bhs. Ind.).

9 Mengkono uga saben saosané wong
Israèl sing mligi kaaturaké marang Allah,
kuwi dadi bagéané imam.
10 Dadi sesaosan sing ditampakaké
marang salah sawijining imam kuwi dadi
bagéané imam mau.
11 Gusti Allah ndhawuhi Musa,
12 supaya maringaké prenatan marang
umat Israèl mengkéné: Yèn ana wong
lanang sujono[e] karo somahé kanthi
pandakwa yèn sing wadon diwori turu
wong lanang liya, nanging ora ana
buktiné, marga enggoné laku jina mau
ana ing papan sing sepi wong, dadi
ora ana sing neksèni, mangka iya ora
konangan; utawa yèn ana wong lanang
sujono karo somahé, mangka sing
wadon mau sanyatané ora tumindak
sèdhèng,[f]
13 (5:12)
14 (5:12)
15 wong lanang mau kudu ngajak
somahé sowan imam. Wong mau kudu
nggawa pisungsung kaya mesthiné,
yakuwi glepung jewawut sakilogram.
Glepung mau ora kena disoki lenga

---

[e]sujono: cemburu (bhs. Ind.).
[f]sèdhèng: serong (bhs. Ind.).

zaitun utawa ditumpangi menyan, merga
disaosaké déning wong lanang sing
nyujanani somahé, lan maksudé arep
nyumurupi pangirané mau bener apa
ora.
16 Imam kudu akon wong wadon mau
maju, ngadeg ing ngarepé mesbèh.
17 Imam banjur njupuk mangkok sing
digawé saka lemah, diisèni banyu suci
sethithik. Sawisé mengkono banjur
njumput lemah sethithik saka ing
jrambahé Kémah Suci, diuwuraké ing
banyu suci mau, supaya dadi banyu sing
nekakaké paukuman.
18 Wong mau rambuté banjur dioré, lan
ing tanganė disèlèhi glepung sing arep
disaosaké mau. Mangkok sing isi banyu
dicekeli dhéwé déning imam.
19 Sawisé mengkono imam kudu
ngucapaké sumpah lan wong wadon mau
dijaluk ngiyani sumpahé. Imam kudu
muni, "Yèn kowé ora laku jina, kowé ora
kena paukumané banyu iki.
20 Nanging yèn kowé laku jina,
21 muga-muga kowé kena paukumané
Pangéran. Kandhunganmu mengkeret
lan watengmu busung.

22 Banyu iki bakal mlebu ing wetengmu
lan njalari wetengmu busung lan
kandhunganmu mengkeret." Wong
wadon mau kudu mangsuli, "Inggih, kula
purun; mugi Gusti Allah nindakna kados
mekaten."
23 Imam banjur kudu nulis isiné
paukuman kuwi, lan mbusak nganggo
banyu sing ana ing mangkok mau.
24 Banyu mau bisa marakaké wong
wadon kuwi krasa lara banget. Nanging
sadurungé dikon ngombé banyuné,
25 imam kudu njupuk glepung sing
arep disaosaké lan tangané ngathung
nyaosaké glepung mau kaaturaké
marang Allah. Sawisé mengkono kudu
nyèlèhaké glepung mau ana ing mesbèh.
26 Imam banjur kudu njupuk glepungé
segegem kanggo tandha enggoné
nyaosaké saosan mau, lan ngobong
glepung mau ana ing mesbéh. Banyuné
banjur diombèkaké marang wong wadon
mau.
27 Yèn wong wadon mau pancèn
nglakoni jina, banyu kuwi bakal
marakaké wong wadon mau krasa
lara banget. Wetengé dadi busung lan
kandhungané mengkeret. Wong wadon

mau bakal disebut wong sing tampa
paukuman ana ing tengahé bangsané.
28 Nanging yèn wong wadon mau ora
luput, ora bakal tampa paukuman lan
bisa duwé anak.
29 Kaya mengkono prenatané yèn
wong lanang nyujanani karo somahé,
merga sing wadon mau dikira laku jina.
Wong wadon mau kudu dikon ngadeg
ing ngarepé mesbèh lan imam kudu
nindakaké upacara.
30 (5:29)
31 Wongé lanang dhéwé ora keluputan,
nanging bojoné, yèn pancèn salah, kudu
nyangga salahé.

6 1 Gusti Allah dhawuhi Musa,
2 supaya maringaké prenatan-
prenatan marang bangsa Israèl
mengkené: Wong lanang utawa wadon
sing nglairaké janji masrahaké awaké
sumaos marang Allah dadi nasir,
3 orakena ngombé ombèn-ombèn sing
digawé saka wohé anggur lan ora kena
mangan woh anggur iya sing isih seger,
iya sing digaringaké.
4 Selawasé dadi nasir ora kena mangan
sarupaning panganan sing digawé saka
anggur, dadia wijiné utawa kulité.

5 Selawasé dadi nasir wong mau ora
kena ngethok utawa nyukur rambuté,
nganti saentèké wektuné enggoné
masrahaké awaké sumaos marang
Allah. Sajroné wektu mau rambuté lan
jénggoté kudu diingu sethukulé.
6 Rambuté kuwi kanggo tandha yèn
dhèwèké masrahaké awaké sumaos
marang Allah. Wong mau ora kena
najisaké awaké: ora kena nydhaki wong
mati, senajan layoné bapakné, ibuné
utawa seduluré pisan.
7 (6:6)
8 Selawasé dadi nasir wong mau
masrahaké awaké marang Allah.
9 Yèn rambuté nasir mau dadi najis
merga nggepok wong sing mati dadakan
ing sandhingé, kudu ngentèni pitung
dina. Sawisé mengkono kudu nyukur
rambuté lan jénggoté, supaya dadi resik
menèh.
10 Ing dina ping woluné wong mau kudu
nggawa piyik dara utawa manuk drekuku
loro marang imam ing ngarepé lawangé
Kémah Suci.
11 Manuk sing siki kudu disaosaké imam
dienggo kurban pangriwating dosa,
sijiné dienggo kurban obongan kanggo

ngilangi najisé merga nggepok layon
mau. Ing dina iku uga wong mau kudu
nucèkaké rambuté,
12 lan masrahaké awaké menèh sumaos
marang Allah tekan saganepé dinané
enggoné janji dadi nasir mau. Wektu
sing wis dilakoni ora kepétung menèh,
merga rambuté wis kena ing najis.
Wong mau kudu nggawa cempé wedhus
gèmbèl umur setaun disaosaké kanggo
kurban dhendha.
13 Yèn janjiné wis rampung, wong
mau kudu nindakaké upacara, yakuwi
ngadhep ing lawangé Kémah Suci,
14 lan nyaosaké marang Allah kéwan
telu sing ora cacat, yakuwi cempé
wedhus gèmbèl lanang umur setaun
siji kanggo kurban obongan, cempé
wedhus gèmbèl wadon umur setaun siji
kanggo kurban pangruwatinng dosa,
lan wedhus gèmbèl lanang siji kanggo
kurban keslametan.
15 Kejaba kuwi kudu nyaosaké roti
tanpa ragi sewakul, yakuwi roti bunder
sing digawé saka glepung diulet karo
lenga zaitun, lan roti tipis sing dilèlèti
lenga zaitun. Karo menèh kudu nyaosaké
gandum lan anggur.

16 Imam kudu nyaosaké kuwi mau
kabèh konjuk marang Allah, sarta
nyaosaké kurban pangruwating dosa lan
kurban obongan.
17 Bebarengan karo nyaosaké roti
sewakul mau, imam iya kudu nyaosaké
wedhusé gèmbèl lanang kanggo kurban
keslametan. Uga gandum lan anggur
mau kudu disaosaké marang Allah.
18 Wongé sing dadi nasir mau kudu
nyukur rambuté ana ing lawangé Kémah
Suci lan nyemplungaké rambuté ing geni
panggonané kurban keslametan mau.
19 Sawisé mengkono, samasa sampilé
wedhus lanang sing ngarep wis diolah,
banjur dijupuk déning imam, disèlèhaké
ing tanggané nasir mau, karo roti bunder
siji lan roti tipis siji saka wakul mau.
20 Imam banjur nyaosaké kuwi mau
kabèh mligi konjuk marang Allah. Kuwi
kurban suci sing dadi bagéané imam,
ditambahi dhadha lan sampilé wedhus
gèmbèl lanang, sing miturut prenatan
dadi bagéané imam. Sawisé rampung
kabèh, wong sing dadi nasir mau lagi
kena ngombé anggur.
21 Mengkono mau prenatan kanggo
wong sing masrahaké awaké dadi nasir.

Nanging yèn wong mau wis nglairaké
janji arep nyaosaké kurban ngluwihi apa
mesthiné, janjiné mau kudu ditetepi.
22 Gusti Allah dhawuh marang Musa
23 supaya kandha karo Harun lan
anak-anaké, yèn mberkati umat Israèl
kudu nganggo tembung mengkéné:
24 Allah muga maringana berkah, lan
kowé padha direksaa.
25 Allah muga maringana sarupaning
prekara sing becik, lan kowé padha
kaparingana sih-rahmat.
26 Allah muga mirsani kanthi kawelasan,
lan kowé padha kaparingana tentrem
rahayu.
27 Gusti Allah ngandika, "Yèn sajroné
andum berkah marang umat Israèl
nganggo nyebut Asma-Ku, Aku iya bakal
mberkahi umat mau."
7 1 Bareng Musa wis rampung enggoné
ngedegaké Kémah Palenggahané
Allah, Kémah mau saprabotè banjur
dipasrahaké marang Allah nganggo
upacara, apa déné migunakaké lenga
pasucèn. Mengkono uga mesbèh lan
piranti-pirantiné kabèh disucèkaké.

2 Para penggedhéné turun sing dadi
panuntun ing taler-taleré umat Israèl,
sing didhawuhi nindakaké cacah jiwa,
3 padha nggawa pisungsung konjuk
marang Allah. Olèhé nggawa nganggo
grobag sapi nem, saben penggedhé
loro grobag siji sapi siji. Sawisé padha
disaosaké,
4 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa,
5 "Pisungsung iki tampanana lan
pigunakna mbésuk samasa leladi ing
Kémah Palenggahané Allah; barang-
barang iki kabèh pasrahna marang kaum
Lèwi miturut kuwajibané dhéwé-dhéwé."
6 Grobag-grobag lan sapi-sapi mau nuli
dipasrahaké marang kaum Lèwi.
7 Grobag loro lan sapi papat dipasrahaké
marang para turuné Gèrson,
8 grobag papat lan sapi wolu marang
para wong turun-Mérari. Gawéané
wong-wongg mau dipimpin déning
Itamar, anaké Harun.
9 Mung wong turuné Kéhat ora dipasrahi
grobag lan sapi déning Musa, awit
wong-wong mau kudu padha mikul
barang-barang suci sing dadi tanggung
jawabé.

10 Para penggedhéné uga nggawa
pisungsung kanggo kraméan ing upacara
nucèkaké mesbèh. Nalikané pisungsung
mau arep disaosaké ana ing mesbèh,
11 Gusti Allah ngandika marang
Musa, "Padha kandhanana yèn para
penggedhé, saben dina kudu nyaosaké
pisungsung kanggo ing mesbèh, lawasé
rolas dina."
12 Para penggedhé iya banjur padha
nyaosaké pisungsung miturut gilirané
mengkéné: (Dina-Taler-Penggedhé);
Kapisan-Yéhuda-Nahason bin Aminadab;
Kapindho-Isakar-Nétanéèl bin Zuar;
Katelu-Zébulon-Éliab bin Hélon;
Kapat-Rubèn-Élizur bin Sédhéur;
Kalima-Siméon-Sélumièl bin Zurisiadai;
Kanem-Gad-Éliasaf bin Déhuèl;
Kapitu-Éfraim-Élisama bin Amihud;
Kawolu-Manasyè-Gamalièl bin Pédazur;
Kasanga-Bènyamin-Abidan bin Gédéoni;
Kasepuluh-Dhan-Ahiézer bin Amisiadai;
Kasewelas-Asyèr-Pagièl bin Okran;
Karolas-Naftali-Ahira bin Énan;
Pisungsung disaosaké para penggedhé
mau kabèh padha, yakuwi piring slaka
siji sing boboté 1,5 koligram, lan basi
slaka siji, sing boboté 800 gram, miturut

ukuran bobot resmi. Piring slaka lan
basi mau dikebaki glepung sing diulèni
nganggo lenga zaitun kanggo kurban
dhaharan. Sebanjuré: piring emas siji,
sing boboté 110 gram, kebak menyan.
Sapi lanang siji, wedhus gèmbèl lanang
siji, lan cempé wedhus gèmbèl lanang
umur setaun, kanggo kurban obongan,
wedhus lanang siji kanggo kurban
pangruwating dosa; sapi loro; wedhus
gèmbèl lima lan wedhus lanang lima
lan cempé gèmbèl umur setaun kanggo
kurban keslametan.
13 (7:12)
14 (7:12)
15 (7:12)
16 (7:12)
17 (7:12)
18 (7:12)
19 (7:12)
20 (7:12)
21 (7:12)
22 (7:12)
23 (7:12)
24 (7:12)
25 (7:12)
26 (7:12)
27 (7:12)

28 (7:12)
29 (7:12)
30 (7:12)
31 (7:12)
32 (7:12)
33 (7:12)
34 (7:12)
35 (7:12)
36 (7:12)
37 (7:12)
38 (7:12)
39 (7:12)
40 (7:12)
41 (7:12)
42 (7:12)
43 (7:12)
44 (7:12)
45 (7:12)
46 (7:12)
47 (7:12)
48 (7:12)
49 (7:12)
50 (7:12)
51 (7:12)
52 (7:12)
53 (7:12)
54 (7:12)
55 (7:12)

56 (7:12)
57 (7:12)
58 (7:12)
59 (7:12)
60 (7:12)
61 (7:12)
62 (7:12)
63 (7:12)
64 (7:12)
65 (7:12)
66 (7:12)
67 (7:12)
68 (7:12)
69 (7:12)
70 (7:12)
71 (7:12)
72 (7:12)
73 (7:12)
74 (7:12)
75 (7:12)
76 (7:12)
77 (7:12)
78 (7:12)
79 (7:12)
80 (7:12)
81 (7:12)
82 (7:12)
83 (7:12)

84 Dadi gunggunging pisungsung sing
disaosaké déning para penggedhé rolas
kanggo nucèkaké mesbèh mau wujudé:
-Piring slaka rolas iji lan basi slaka rolas
siji sing boboté kabèh 27,6 kilogram.
-Piring emas rolas iji, sing boboté 1,32
kilogram, kebak menyan. -Sapi lanang
rolas, wedhus gèmbèl lanang rolas,
cempé sing umur setaun rolas, disaosaké
bebarengan karo kurban gandum kanggo
netepi kurban obongan. -Wedhus rolas
kanggo kurban pangruwating dosa.
-Sapi lanang patlikur, wedhus gèmbèl
lanang sewidak, wedhus jawa sewidak,
cempé wedhus gèmbèl sing umur setaun
sewidak kanggo kurban keslametan.
85 (7:84)
86 (7:84)
87 (7:84)
88 (7:84)
89 Nalika Musa mlebu ing Kémah
Palenggahané Allah nampani dhawuh
saka Gusti Allah, Panjenengané
ngandika saka sandhuwuré tutupé Pethi
Prejanjian, saka antarané pepethan[g]
malaékat loro sing nganggo swiwi.

---

[g]pepethan: gambar wewujudan.

8 [1] Gusti Allah ngandika marang Musa,
[2] "Harun kandhanana, yèn masang
lampu pitu ing pedamaran[h] kudu diatur
supaya sunaré mengarep."
[3] Harun iya banjur nindakaké apa
sing didhawuhaké déning Allah mau.
Lampu-lampu dipasang miturut adhepé
pedamaran.
[4] Pedamaran kuwi saka ndhuwur tekan
ngisor digawé saka emas murni, miturut
conto sing diparingaké déning Gusti
Allah marang Musa.
[5] Gusti Allah ngandika marang Musa,
[6] "Wong-wong Lèwi padha dhèwèkna,
pisahen karo umat Israèl liyané, lan
nganggo upacara pasucèn
[7] carané mengkéné: Wong-wong
mau kepyurana nganggo banyu suci
sing mligi kanggo upacara, lan konen
nyukur awaké sekojur sarta ngumbah
sandhangané, supaya padha dadi suci
miturut prenatané agama.
[8] banjur konen njupuk sapi lanang
enom siji lan kurban gandum sapreluné,
yakuwi glepung sing diulet karo lenga
zaitun. Lan kowé, Musa, kudu njupuk

---

[h] pedamaran: papan nyèlèhaken lampu.

sapi lanang siji engkas dienggo kurban
pangruwating dosa.
9 Sawisé mengkono umat Israèl kabèh,
mengkono uga wong Lèwi padha
klumpukna ing platarané Kémah Suci.
10 Umat Israèl kudu numpangaké
tangané ing sirahé wong-wong Lèwi.
11 Sebanjuré Harun kudu nyaosaké
wong-wong Lèwi mau dadi pisungsungé
umat Israèl. Mligi konjuk marang Aku,
supaya bisa nindakaké pegawéané
kagem Aku.
12 Wong Lèwi nuli kudu padha
numpangaké tangané ing endhasé
sapi lanang loro mau, sing siji kanggo
kurban pangruwating dosa, sijiné
kanggo kurban obongan. Srana upacara
mau wong-wong Lèwi diluwari saka
dosa-dosané.
13 Wong-wong Lèwi kuwi dadia
pisungsung mligi konjuk marang Aku.
Déné Harun lan anak-anaké dhawuhana
dadi penggedhéné.
14 srana cara mengkono kowé kudu
milih para wong Lèwi saka ing
antarané umat Israèl liyané, mligi dadi
kagungan-Ku.

15 Sawisé upacara nyaosaké wong-wong
Lèwi konjuk marang Allah, wong kuwi
diparengaké nyambut-gawé ing Kémah
Suci.
16 Wong-wong mau wis Dakdadèkaké
sesulihé anak lanang pembarep
kabèh ing Israèl; mulané mligi dadi
kagungan-Ku dhéwé.
17 Nalika Aku gawé patiné sakèhé bocah
lanang pembarep ing Mesir, saben anak
lanang pembarep ing brayaté wong Israèl
lan saben anaké kéwan sing sepisanan
wis Dakpilih dadi kagungan-Ku.
18 dadiné kanggo ijolé kabèh anak
lanang pembarep ing Israèl Aku milih
wong Lèwi,
19 kaanggep pisungsungé umat Israèl.
Wong-wong Lèwi kuwi Dakpasrahaké
marang Harun lan anak-anaké, supaya
padha dadi imam ngladèni wong Israèl
ing Kémah Suci. Wong Lèwi kuwi sing
nyuwunaké pangapuraning dosa kanggo
bangsa iki marang Aku, supaya ora kena
ing paukuman samasa nyedhak ing
panggonan suci mau."
20 Mulané Musa, Harun lan bangsa
Israèl kabèh banjur padha masrahaké
wong Lèwi marang Allah, kaya sing

kadhawuhaké déning Allah lantaran
Musa.
21 Wong-wong Lèwi banjur padha
nucèkaké awaké miturut prenatané
agama lan ngumbah sandhangané.
Harun nuli nyaosaké wong-wong mau
dadi pisungsung mligi sumaos marang
Allah. Harun iya nindakaké upacara
pangruwating dosané wong-wong Lèwi
mau.
22 Déné bangsa Israèl nindakaké
sakèhé dhawuhé Allah lantaran Musa
sing magepokan karo wong Lèwi. Merga
saka mengkono wong-wong Lèwi padha
wenang nyambut-gawé ing Kémah Suci
dipimpin déning Harun lan anak-anaké.
23 Gusti Allah ngandika marang Musa,
24 "Saben wong Lèwi lanang wiwit umur
selawé taun kudu nglakoni kuwajibané
ing Kémah Suci,
25 lan dibébasaké saka kuwajiban mau
yèn wis nyandhak umur sèket taun.
26 Sawisé kuwi wong mau kena
ngréwangi wong Lèwi liyané sing
nglakoni tugas ing Kémah Suci, nanging
kuwajiban apa waé sing dilakoni, ora
kena ditindakaké ijèn. Mengkono carané

enggoné mrenata pegawéané wong
Lèwi.

9

1 Nalika sasi kapisan, taun kapindho,
sawisé bangsa Israèl metu saka ing
Mesir, Gusti Allah ngandika marang Musa
ing ara-ara samuné pegunungan Sinai
mengkéné,
2 "Tanggal patbelas sasi iki, yèn
srengéngéné surup, bangsa Israèl kudu
ngriyakaké Paskah miturut prenatan sing
wis ditetetpaké."
3 (9:2)
4 Musa iya banjur akon bangsa Israèl
ngriayakaké Paskah.
5 Ing wayah surupé srengéngé tanggal
patbelas sasi kapisan mau, bangsa
Israèl ngriayakaké Paskah ing ara-ara
samuné pegunungan Sinai. Kabèh
padha ditindakaké miturut apa sing
didhawuhaké déning Allah lantaran
Musa.
6 Nanging ana wong sawetara sing
najis miturut prenataning agama merga
padha nggepok wong mati, dadi ora kena
mèlu ngriayakaké Paskah. Wong-wong
mau banjur padha ngadhep marang
Musa lan Harun,

7 aturé, "Kula sami najis, awit sami
nggepok tiyang pejah. Nanging menapa
kula inggih sami mboten kénging
tumut nyaosaken kurban dhateng Allah,
sesarengan kaliyan sedhèreèk-sedhèrèk
kula sabangsa?"
8 Wangsulané Musa, "Ngentènana
dhisik, nganti aku tampa dhawuh saka
Allah."
9 Gusti Allah banjur dhawuh marang
Musa,
10 "Kandhaa marang bangsa Israèl
mengkéné, ‵Yèn ana ing antaramu utawa
anak-turunmu sing najis merga nggepok
wong mati, utawa lagi lelungan adoh,
mangka kepéngin ngriayakaké Paskah,
11 kuwi kepareng, nanging enggonmu
ngriayakaké kudu ing sasi candhaké ing
wayah soré tanggal patbelas. Dina kuwi
riayakna nganggo mangan roti tanpa
ragi lan jangan pait.
12 Pangan mau ora kena diturahaké
nganti ésuké lan kéwan sing disaosaké
marang Allah mau aja ana balungé sing
ditugel. Paskah mau kudu diriayakaké
miturut prenantan sing wis ditetapaké.’
13 Wong sing kaanané resik miturut
prenatané agama, lan ora lagi lelungan

adoh, mangka ora ngriayakaké Paskah,
kuwi kudu disingkiraké saka umat-Ku,
merga ora nyaosaké kurban marang Aku
ing wektu sing wis ditetepaké. Wong
mau kudu mikul dosané.
14 Yèn ing antaramu ana wong liya sing
arep mèlu ngriayakaké Paskah, enggoné
ngriayakaké Paskah kudu miturut
prenatan lan sarat-saraté. Prenatan iki
kanggo saben wong, iya wong Israèl
utawa wong liyané."
15 Nalika Kémah Palenggahané Allah
didegaké, ing dina kuwi ana mega ing
sandhuwuré Kémah mau. Ing wayah
bengi méga mau mencorong kaya geni.
16 (9:15)
17 Yèn méga mau munggah, wong Israèl
kudu budhal, yèn mégané mudhun,
wong Israèl banjur kudu masang
kémahé, ing panggonan sing didhuni
méga mau.
18 Wong Israèl padha mbedhol lan
masang kémahé manut dhawuhé
Allah. Selawasé méga mau ana ing
sandhuwuré Kémah Suci, bangsa Israèl
tetep manggon ing panggonan kono.
19 Senajan méga mau suwé ana ing
sandhuwuré Kémah Suci, wong Israèl

iya manut marang Allah, lan ora kesusu
budhal.
20 Anak kalané méga mau mung
mandheg sawetara dina. Senajan
kepriyé waé, dhawuhé Allah kuwi sing
dienggo pathokan wayahé lèrèn lan
budhal.
21 Ana kalané méga mau mandheg
mung antarané surup tekan ésuk. Yèn
mégané munggah, sanalika iku uga
kabèh padha budhal.
22 Selawasé méga mau mandheg,
embuh rong dina embuh sesasi, embuh
setaun luwih, wong kabèh padha tetep
ing panggonan mau. Nanging yèn
mégané munggah, wong kabèh nuli
padha budhal.
23 Bangsa Israèl lèrèn ing sawijining
panggonan lan budhal saka kono miturut
sahawuhé Allah lantaran Musa.

10 1 Gusti Allah ngandika marang
Musa,
2 "Gawéa slomprèt slaka tatahan loro,
kanggo tandha nglumpukaké rakyat
utawa mbudhalaké wadyabala.
3 Yèn slomprèt loro-loroné uniné
dawa kuwi tandhané wong kabèh kudu

nglumpuk, ing sakiwa-tengenmu, ing ngarepé Kémah Suci.
4 Nanging yèn sing diunèkaké mung siji, sing kudu nglumpuk mung para penggedhé thok.
5 Yèn uniné cekak-cekak kuwi tandhané para taler sing manggon ing sawétané Kémah Suci kudu budhal.
6 Tandha cekak-cekak sing kapindho, tandhané taler-taler sing manggon ing sakidulé Kémah Suci kudu budhal. Dadi tandha cekak-cekak kuwi pretandhané wong kudu budhal.
7 Nanging yèn dawa, kuwi pretandha yèn wong kudu nglumpuk.
8 Sing ngunèkaké slomprèt mau kudu imam-imam, anak-anaké Harun." Prenatan kaya mengkéné iki kudu ditindakaké ing selawasé,
9 "Yèn kowé lagi parang nglawan mungsuh sing nyerang negaramu, kowé ngunèkna slomprèt-slomprèt mau. Aku Pangéran Allahmu bakal mitulungi lan nguwalaké kowé saka mungsuh-mungsuhmu.
10 Semono uga yèn kowé padha bungah-bungah ngriayakaké sasi anyar, utawa riaya-riaya miturut prenatané

agama. Slomprèt kuwi iya unèkna
samasa kowé nyaosaké kurban obongan
lan kurban keslametan konjuk marang
Allah. Aku bakal mitulungi kowé. Aku iki
Pangéran, Allalmu."
11 Ing tau kapindho sawisé bangsa
Israèl metu saka tanah Mesir, ing
tanggal loro, sasi kapindho, méga ing
sandhuwuré Kémah Suci munggah.
12 Wong Israèl iya banjur padha
budhal, metu saka ara-ara samuné
pegunungan Sinai. Satekané ing ara-ara
samun Paran, méga mau nuli mudhun
mandheg.
13 Bangsa Israèl kuwi budhalé atas
dhawuhé Allah lantaran Musa.
14 Lakuné ajeg padha karo urut-
urutan sing wis ditetepaké. Sing
lakuné ngiringaké gendérané Yéhuda
mangkat dhisik, saklompok-saklompok,
penggedhéné Nahason bin Aminadab.
15 Nétanéèl bin Zuar kuwi penggedhéné
taler Isakar,
16 lan Éliab bin Hélon penggedhéné taler
Zébulon.
17 Kémah Suci nuli dibedhol. Turuné
Gèrson lan turuné Mérari sing mikul
Kémah banjur budhal.

18 Disusul golongan sing dipimpin
taler Rubèn, saklompok-saklompok
dipenggedhèni Élizur bin Sédhéur.
19 Sélumièl bin Zurisiadai kuwi
penggedhé golongané taler Siméon,
20 lan Éliasaf bin Déhuèl penggedhé
golongané taler Gad.
21 Disusul para wong Lèwi saka
golongan turuné Kéhat karo nggawa
barang-barang suci. Satekané ing
palèrènan candhaké, Kémah Suci wis
dipasang menèh.
22 Disusul karo golongan sing dipimpin
taler Éfraim, saklompok-saklompok,
dipenggedhèni Élisama bin Amihud.
23 Gamalièl bin Pédazur mimpin taler
Manasyé,
24 lan Abidan bin Gédéoni manggedhèni
golongan taler Bènyamin.
25 Sing budhal kèri dhéwé golongan
sing dipimpin taler Dhan. Kuwi sing
ngirid golonga-golongan kabèh. Lakuné
saklompok-saklompok, dipenggedhèni
déning Ahiézer bin Amisiadai.
26 Pagièl bin Okran mimpin golongan-
golongané taler Asyèr.
27 Déné Ahira bin Énan mimpin
golongan-golongan taler Naftali.

28 Kaya mengkono urut-urutané
klompok, lan golongané saben umat
Israèl mlaku pindhah panggonan.
29 Musa kandha karo Hobab bin Déhuèl,
wong Midian, ipéné, "Aku saiki arep
padha mangkat menyang panggonan
sing miturut pangandikané Allah arep
diparingaké marang aku kabèh. Gusti
Allah wis janji arep ndadèkaké Israèl
dadi bangsa sing makmur. Kowé mèlua
aku supaya mbésuk mèlu ngrasakaké
kemakmuran mau."
30 Wangsulané Hobab, "Matur nuwun,
nanging aku kepéngin bali menyang
tanah kelairanku."
31 "Lho, aku aja koktinggal," kandhané
Musa, "Kowé rak dadi pemimpinku,
merga weruh panggonan ing ara-ara
samun sing kena kanggo lèrèn.
32 Yèn kowé mèlu aku, mbésuk kowé
dakpandumi sakèhing berkah sing
diparingaké déning Allah marang aku."
33 Sawisé bangsa Israèl budhal saka
pegunungan Sinai, disebut gunung suci,
mlaku sajroné telung dina. Pethiné
Prejanjian mlaku ana ing ngarep dhéwé
karo golèk panggonan sing becik kanggo
lèrèn.

34 Sajroné ngolah-ngalih saka palèrènan
siji menyang sijiné, méganing Pangéran
yèn awan tansah ana ing ndhuwuré
umat Israèl.
35 Saben Pethi Prejanjian arep diangkat,
Musa munjuk mengkéné, "Dhuh Allah,
mugi kersa jumeneng. Mengsah-
mengsah sami buyara, lan tiyang
ingkang sengit dhateng Paduka sami
keplajenga saking ngarsa Paduka."
36 Déné samasa mandheg, Musa
munjuk, "Dhuh Allah, mugi kersa
mberkahi para umat Israèl ingkang
cacahipun maèwu-èwu menika."

11 1 Bangsa Israèl padha nggrundeli
Gusti Allah merga enggoné
padha ngrekasa nandhang kekurangan
rupa-rupa. Bareng mreng panggrundelé
wong Israèl mau, Gusti Allah duka,
nuli nekakaké geni ing palèrènan
kono. Geniné mulad-mulad ngobong
kémah-kémah sawetara.
2 Wong-wong banjur padha bengok-
bengok njaluk tulung karo Musa. Musa
nuli ndedonga marang Allah, temah
geniné banjur sirep.
3 Merga saka lelakon mau, panggonan
kono dijenengaké Tabera. sing tegesé ing

panggonan kono Gusti Allah nekakaké
geni.
4 Ing antarané wong Israèl ana wong-
wong manca sing ketagihan mangan
énak. Wong-wong Israèl iya banjur
ana sing mèlu-mèlu kepéngin mangan
iwak, mulané banjur padha grundelan.
Tembungé, "Mbok yèn ngéné iki ana sing
ngeteri iwak!
5 Ana ing Mesir kita bisa mangan iwak
satutugé, tanpa ngetokaké dhuwit.
Bisa mangan timun, semangka, p�much rei,
brambang lan bawang!
6 Ana ing kéné kita padha kentèkan
tenaga, mangka ora ana sing dipangan,
kejaba mung manna thok."
7 (Manna kuwi rupané kaya tumbar,
wernané putih semu kuning.
8 Tekané ing palèrènan pandhak bengi,
bareng karo tibané bun.) Ésuké wong-
wong padha nglumpukaké manna, nuli
didheplok dadi glepung, banjur digawé
roti bunder-bunder utawa gèpèng.
Rasané kaya roti sing dipanggang,
nganggo lenga zaitun.
9 (11:8)
10 Musa krungu panggrundelé wong-
wong Israèl, sing padha ngadeg

nggrombol-nggrombol ing ngarepé
lawang Kémah Suci. Gusti Allah duka,
nganti Musa sedhih banget.
11 Mulané banjur matur marang Allah,
"Kénging menapa Paduka tumindak
mekaten dhateng kula? Menapa mboten
rena dhateng kula? Kénging menapa
kula dipun bruki tanggel jawab ngrimati
tiyang-tiyang menika?
12 Rak sanès kula ingkang nitahaken
utawi damel tiyang-tiyang menika
selaminipun mlampah dhateng negari
ingkang Paduka janjèkaken kaliyan
supaos dhateng leluhuripun?
13 Samenika tiyang-tiyang menika sami
ketagihan, kepéngin sanget nedha ulam.
Saking pundi saged kula angsal ulam
kanggé nyukani nedha tiyang semanten
kathahipun?
14 Cekakipun kula mboten sagah
nyanggi tanggel jawab ingkang semanten
awratipun namung piyambakan!
15 Menawi kapurih terus-terusan kados
mekaten, nyuwun ngapunten, kula
aluwung dipun pejahana kémawon,
supados mboten ngraosaken awrating
sesanggèn kula."

16 Gusti Allah banjur ngandika marang Musa, "Kowé nglumpukna wong pitung puluh sing diéringi[i] lan dianggep dadi panuntuné umat iki. Konen ngadhep Aku ing Kémah Suci, ngadeg jèjèr karo kowé.
17 Aku bakal tumedhak ndhawuhi kowé. Aku bakal njupuk sapéranganéré Roh sing Dakparingaké marang kowé, lan bakal Dakedum-edum marang wong mau. Wong-wong mau mengkoné bakal bisa mbiyantu mikul tanggung jawab, ngrumati bangsa iki; dadi kowé ora dhèwèkan."
18 Saiki bangsa kuwi kandhanana mengkéné, "Kowé padha nucèkna awakmu kanggo sésuk. Kowé bakal padha mangan iwak. Gusti Allah wis mirengaké pesambatmu lan panggrundelmu; kowé padha kepéngin mangan iwak, lan nganggep yèn ing Mesir kaananmu luwih becik. Saiki Gusti Allah bakal maringi iwak, lan kuwi kudu kokpangan.
19 Iwak mau ora mung cukup kanggo sedina utawa rong dina, limang dina utawa sepuluh dina, uga ora mung cukup kanggo rong puluh dina,

---

[i]ering: ajrih lan asih (tresna).

20 nanging kanggo sesasi muput, nganti
kowé jelèh lan wetengmu kewaregen.
Kuwi merga kowé padha nampik marang
Gusti Allah sing ana ing tengahmu,
lan merga kowé wis padha nggrundeli
Panjenengané sarta nganggep yèn luwih
becik saupama kowé ora lunga saka
tanah Mesir."
21 Musa uga matur marang Gusti Allah,
"Cacahipun tiyang ingkang kawula
irid menika 600.000, mangka Paduka
ngandika badhé maringi ulam cekap
kanggé sewulan?
22 Pinten kémawon cacahipun lembu
lan ménda ingkang prelu dipun pragat
kanggé nyekapi kabetahanipun tiyang
semanten dipun klempakaken sedaya
rak inggih dèrèng cekap?"
23 Gusti Allah paring wangsulan,
'Pangwasa-Ku iki tanpa wangenan.
Saiki uga kowé bakal ngerti, apa sing
Dakkandhakaé iki bakal kelakon apa
ora."
24 Musa banjur meetu saka Kémah
Suci lan ngumumaké marang bangsa
Israèl kabèh, apa sihng dingandikakaké
déning Allah. Musa nglumpukaké para

pemimpin pitung puluh, dikon ngadeg
ing saubengé Kémah Suci.
25 Gusti Allah banjur tumedhak ing
méga lan ngandika marang Musa,
banjur mundhut sapérangané Roh
sing kaparingaké marang Musa, nuli
diedum-edumaké wong pitung puluh
mau. Bareng Roh nedhaki, wong-wong
mau banjur padha caturan kaya nabi,
senajan ora let suwé banjur meneng.
26 Ana wong loro saka antarané wong
pitung puluh mau, yaiku Éldad lan
Médad, kari ana ing kémahé, ora mèlu
ngadeg bebarengan karo kanca-kancané
ing Kémah Suci. Wong loro mau uga
katedhakan Roh lan iya padha caturan
kaya nabi.
27 Ana nonoman sing weruh lelakon
mau, banjur mlayu awèh weruh marang
Musa.
28 Yosua bin Nun, abdiné Musa, sing
wiwit nom dadi pembantuné, matur
marang Musa mengkéné, "Ndara, tiyang
kalih menika dipun dhawuhana supados
sami mèndel!"
29 Wangsulané Musa, "Kokmempeng
temen enggonmu mbélani aku? Sing
daksuwun malah supaya Gusti Allah

kersa maringaké Rohé marang sabangsa
kabèh, lan ndadèkaké sabangsa kabèh
dadi nabi!"
30 Musa banjut mulih, semono uga
wong pitung puluh mau padha mulih
menyang kémahé dhéwé-dhéwé.
31 Gusti Allah nekakaké angin saka
segara. Angin mau nggawa manuk
gemak pirang-piran sing padha mabur
cendhèk banget. Tekan palèrèhane wong
Israèl manuk-manuk mau padha méncok
saenggon-enggon nganti sawetara
kilomèter sakiwa-tengené palèrèhan.
Saking akèhé nganti padha tumpang
tindhih, dhuwuré tumpukané wetara
samèter.
32 Sedina kuwi, benginé sewengi muput
lan ésuké sedina dheg wong Israèl
padha sengkud nglumpukaké manuk
gemak mau. Saben wong nglumpukaké
ora kurang saka sèwu kilogram.
Manuk-manuk mau padha disigari lan
dipépé nganti garing ana ing sakubengé
palèrènan.
33 Gusti Allah duka pirsa enggoé padha
dremba[j] lan nggragas, mulané banjur
diukum srana pageblug.

---

[j]dremba: remen nedha, murka.

34 Merga saka kuwi panggonan kono
dijenengaké "Kibrot-Taawa (kuburan
dremba)," jalaran iya ana ing kono
panguburé wong sing padha mati kena
paukuman mau.
35 Bangsa Israèl ngalih ssaka kono
menyang kutha Hazérot lan masang
kémah ana ing kono.
12 1 Musa bebojoan karo wong Kus
yaiku bangsa Étiopia, harun lan
Miryam ora ngrujuki.
2 Tembungé, "Apa Gusti Allah mung
ngandika lantaran Musa waé? Apa iya
ora lantaran kita uga?" Gusti allah
midhanget apa sing padha diucapaké
wong loro mau.
3 (Musa kuwi wong sing lembah ing ati,
ngungkuli wong sajagadkabèh.)
4 Sanalika Gusti Allah ngandika marang
Musa, Harun lan Miryam, "Padha lungaa
ngadhep Aku ana ing Kémah Suci."
Wong telu mau banjur sowan.
5 Gusti Allah banjur tedhak ana ing tugu
méga, ing sangarepé Kémah Suci, sarta
ngandika, "Harun lan Miryam!" Wong
loro mau banjur sowan.
6 Pangandikané Allah, "Rungokna
tembungKu! Aku ngandika marang para

nabi sing ana ing antaramu nganggo
sasmita rupa gambar-wewayangan lan
Aku ngandika sajroning impèn.
7 Nanging ora kaya mengkono cara-Ku
ngandika marang Musa, sing Dakparingi
ayahan nuntun umat-Ku Israèl.
8 Aku ngandika adu-arep karo Musa,
cetha lan ora wujud bedhèkan. Malah
Musa wis ndeleng rupa-Ku. Yagéné kowé
wani-wani maido?"
9 Gusti Allah duka marang wong loro
mau. Nalika Panjenenganè mengker,
10 lan tugu méga mau munggah saka
Kémah Suci kono, Miryam dumadakan
kecandhak lara kusta. Kulité dadi
putih kaya kapuk. Nalika Harun méngo
ndelengaké Miryam lan weruh yèn
Miryam nandhang lara kusta,
11 banjur kandha karo Musa, "Dhuh
bendara, mugi sampun négakaken
kula kekalih sami kaukum margi dosa
ingkang sampun sami kula lampahi awit
saking bodho kula.
12 Sampun négakaken Miryam kados
bayi kluron, ingkang lair mawi badan
ingkang setengah bosok."
13 Musa banjur ndedonga, "Dhuh Allah,
mugi kersa nyarasaken tiyang menika."

14 Dhawuhé Allah, "Saupama rainé
diidoni bapakné, apa dhèwèké ora kudu
krasa wirang lawasé pitung dina? Mulané
wetokna saka palèrènan pitung dina;
sawisé kuwi kena bali menèh."
15 Miryam banjur diwetokaké saka
palèrènan pitung dina lan sajroné
Miryam durung bali, bangsa Israèl ora
lunga saka panggonan kono.
16 Sawisé budhal saka Haserot banjur
padha masang kémah ana ing ara-ara
samun Paran.

13 1 Gusti Allah ngandika marang
Musa,
2 "Saka ing antarané para pemimpin
saben taler pilihen wong siji, dadèkna
telik, supaya niti tanah Kenaan, sing
arep Dakparingaké marang wong Israèl."
3 Musa nindakaké apa sing didhawuhaké
déning Allah mau, banjur milih wong
rolas ksebut ing ngisor iki, mangkat saka
ara-ara samun Paran. (Taler-Panuntun);
Rubèn-Syamua bin Zakur; Siméon-Safat
bin Hori; Yéhuda-Kalèb bin Yéfune;
Isakar-Yigal bin Yusuf; Éfraim-Hoséa
bin Nun; Bènyamin-Palti bin Rafu;
Zébulon-Gadièl bin Sodi; Manasyè-Gadi
bin Susi; Dhan-Amièl bin Gemali;

Asyèr-Setur bin Mikhaél; Naftali-Nahbi
bin Wofsi; Gad-Guèl bin Maki;
4 (13:3)
5 (13:3)
6 (13:3)
7 (13:3)
8 (13:3)
9 (13:3)
10 (13:3)
11 (13:3)
12 (13:3)
13 (13:3)
14 (13:3)
15 (13:3)
16 Kuwi jenenge-jenengé para telik
sing ditugasaké Musa supaya niti tanah
Kenaan. Hoséa bin Nun jenengé diganti
Musa dadi Yosua.
17 Nalika wong-wong mau dikon
mangkat, Musa weling mengkéné,
"Mlakua ngalor, menyang tanah Kenaan
sisih Kidul, banjur mlakua terus menyang
tanah pegunungan.
18 Titinen kaanané tanah kono, pira
cacahé rakyaté lan sepira kekuwatané;
19 tanah kuwi ala apa becik. Apa rakyaté
padha manggon ing pedésan apa ing
kutha-kutha sing diubengi bètèng.

20 Delengen buminé loh apa ora,
lan akèh wit-witané apa ora. Aja lali
nggawaa woh-wohan sing tuwuh ana
ing kana." (Nalika semana lagi ungsum
anggur.)
21 Wong rolas mau banjur budhal,
lakuné ngalor karo nliti tanah mau wiwit
saka segara wedhi Zin sisih Kidul terus
nganti tekan kutha Réhob, tekan dalan
sing ngene menyang Hamat.
22 Sing ditliti dhisik sisih Kidul, njujug
kutha Hébron, panggonané wong-wong
Ahiman, Sesai lan Talmai, anak-turuné
bangsa sing disebut wong Énak. (Kutha
Hébron kuwi didegaké pitung taun
sadurungé kutha Zoan ing tanah Mesir.)
23 Banjur padha tekan tanah ngaré
Éskol. Ana ing kana padha mancas
pange’ wit anggur. Saking aboté pang
mau nganti kudu dipikul wong loro. Uga
padha nggawa woh dlima lan woh anjir
kanggo olèh-olèh.
24 Panggonan kono dijenengaké Lembah
Éskol, merga ana ing kana padha mancas
pangé wit anggur.
25 Sawisé nliti tanah kono lawasé
patang puluh dina, para telik mau banjur
padha mulih,

26 lapur marang Musa, Harun lan
bangsa Israèl kabèh sing lagi padha
lèrèn ing Kadès, ing ara-ara samun
Paran. Para telik mau nyritakaké apa
sing padha disumurupi. Woh-wohan
sing padha digawa dituduhaké marang
bangsa Israèl.
27 Kandhané marang Musa, "Kula
sampun nliti tanah menika lan sumerep,
bilih sitinipun loh saèstu, lan menika
wujudipun woh-wohan ingkang saking
ngrika.
28 Nanging rakyatipun tanah ngriku
rosa-rosa. Kithanipun ageng-ageng, tur
mawi bètèng ingkang sentosa. Wonten
ing ngrika kula inggih sami kepanggih
kaliyan tiyang-tiyang kados buta.
29 Tanah wau ing sisih Kidul dipun
enggèni tiyang Amalèk. Ing paredèn
tiyang Hét, Yébus lan Amori. Celak
Seganten Tengah lan sauruting Lèpèn
Yarden dipun enggèni tiyang Kenaan."
30 Nanging Kalèb nentremaké atiné
wong-wong sing padha cilik atiné,
sarta matur marang Musa, "Kita kedah
nglurug perang lan ngrebat negari
menika samenika ugi, mergi kekiyatan

kita mboten kawon kaliyan kekiyatanipun
bangsa-bangsa menika."
31 Nanging para telik liyané sing tekané
barng karo kalèb padha muni, "Mboten,
kita mboten saged nglurugi perang,
mergi kawon kiyat katandhing kaliyan
bangsa-bangsa wau."
32 Para telik mau iya padha nyebar
kabar goroh ing kalanganė umat Israèl
bab tanah sing padha didlajahi mau,
ujaré, "Tanah kana pemetuné ora
sepiraa, dipangan rakyaté dhéwé waé
ora cukup. Mangka wong-wong kana
dedegé lan rosané ora ilok.
33 Malah aku padha weruh wong-
wong sing awaké kaya buta, yakuwi
anak-turuné Énak. Ditandhing karo
wong-wong kuwi, kita iki mung
presasat walang, lan iya mesthi ngono
penganggepé wong-wong marang kita."

14 1 Ana wong-wong Israèl sing
sewengi dheg padha nangis
pating jlerit.
2 Padha nggrundeli Musa lan Harun,
tembungé, "Rak luwih becik kita padha
mati ing tanah Mesir utawa ing segara
wedhi kéné!

3 Apa preluné Gusti Allah ngirid kita
menyang tanah Kenaan kuwi? Kita rak
mung bakal mati ing peprangan lan
anak-bojo kita dadi tawanan. Ayo, kita
padha bali waé menyang tanah Mesir!"
4 Sing siji banjur kandha karo sijiné,
"Ayo padha milih pemimpin lan bali
menyang Mesir menèh!"
5 Musa lan Harun banjur padha
jèngkèng ana ing ngarepé bangsa Israèl.
6 Yosua bin Nun lan Kalèb, sing uga
padha dadi telik mau, padha nyuwèk-
nyuwèk sadhangané, mretandhani
sedhihing atiné.
7 Banjur kandha karo wong Israèl kabèh
"Tanah sing kita dlajahi kaé ora ana sing
madhani apiké.
8 Yèn ana keparengé Allah,
Panjenenganė bakal ngirid kita
mrana lan maringaké tanah sing loh lan
subur kuwi marang kita.
9 Aja padha nglawan marang kersané
Allah. Bangsa-bangsa kuwi bakal kita
telukaké klawan gampang. Apa Allah
ora mimpin kita? Lan Panjenenganė
wis nelukaké para déwa sing ngayomi
bangsa-bangsa mau. Mulané aja wedi."

10 Wong sing nglumpuk ing kono
ngancam arep mbenturi watu wong
papat mau nganti mati. Dumadakan
cahya kamulyané Allah ngetingal ing
sandhuwuré Kémah Suci.
11 Pangandikané Allah marang Musa,
"Pira lawasé bangsa iki enggoné nglawan
marang Aku? Pira suwéné enggoné tetep
ora ngandel marang Aku, senajan wis
padha weruh kaélokan pirang-pirang
sing Daktindakaké?
12 Mulané bangsa iki bakal Dakélingaké
nganggo paukuman. Lan kowé, Musa,
bakal Dakdadèkaké leluhuré bangsa sing
luwih gedhé lan luwih prakosa ketimbang
bangsa iki!"
13 Nanging aturé Musa, "Dhuh Allah,
tiyang Mesir sampun sami mangertos,
bilih Paduka piyambak ingkang ngirid
bangsa menika medal saking tanah
Mesir.
14 Lan criyos menika sampun kodhang
ing ngatasipun bangsa-bangsa ing
ngriki. Dados sampun sami mangertos
bilih Paduka nuntun bangsa menika.
Ugi sampun sami mireng, bilih Paduka
ngetingal kalayan cetha menawi méga
Paduka kèndel ing sanginggil kula

sedaya. Ing wanci siyang Paduka
ngrumiyani lampah kawula sedaya ing
salebeting méga, sarta menawi dalu ing
salebating tugu latu.
15 Menawi Paduka nyirnakaken umat
menika, bangsa-bangsa ingkang sampun
sami mireng bab pangwaos Paduka,
sami badhé criyos,
16 bilih Paduka sampun mejahi umat
menika ing ara-ara samun, mergi
mboten saged ngirid umat menika
mlebet ing negari, ingkang sampun
Paduka janjèkaken.
17 Pramila, dhuh Pangéran, Paduka
kersaa ngetingalaken pangwaos Paduka
dhateng para abdi Paduka, lan kersaa
nindakaken menapa ingkang sampun
Paduka janjèkaken. Paduka sampun
ngandika,
18 'Aku, Allah ora gampang duka. Sih
lan kasetyan-Ku Dakparingaké klawan
lubèr. Aku ngapura marang wong sing
nerak wewaler-Ku[k] lan nglawan marang
Aku. Senajan mengkono paukuman
tumrap kaluputané para bapak bakal
Daktibakaké marang ana-putuné, turun
ping telu lan ping pat.'

---

[k]wewaler: awisan, larangan.

19 Samenika, dhuh Allah, mergi Paduka
ngasihi umat menika lan setya dhateng
janji Paduka, kawula nyuwun kersaa
ngapunten dosanipun umat menika,
kados déné enggèn Paduka ngapunten
piyambakipun wiwit sami medal saking
tanah Mesir."
20 Gusti Allah banjur ngandika, "Ya wis,
Aku bakal ngapura dosané umat iki,
kaya panyuwunmu.
21 Nanging Aku janji nganggo dhasar
gesang-Ku piyambak lan kaluhuran-Ku
sing ngèbeki bumi,
22 wong iki kabèh siji waé ora ana sing
lestari lan mlebu ing tanah sing wis
Dakjanjèkaké marang para leluhuré,
merga ora padha mbangunturut
marang Aku lan ora uwis-uwis nyoba
marang Aku. Mangka wis padha weruh
kamulyan-Ku. Mangka wis padha
weruh kamulyan-Ku sing mblerengi, lan
kaélokan-kaélokan sing Daktindakaké
ing tanah Mesir lan ing ara-ara samun.
23 Wong-wong kuwi mesthi ora bakal
mlebu ing Tanah Prejanjian. Ing antarané
wong-wong mau ora bakal ana sing
napakaké sikilé ing tanah kono.

24 Kejaba abdi-Ku Kalèb. Dhèwèké setya
marang Aku. Mulané bakal Dakgawa
menyang tanah sing wis didlajahi. Tanah
ngaré sing dienggoni wong Amalèk lan
wong Kenaan saiki bakal dadi duwèké
anak-turuné Kalèb, abdi-Ku. Dadi sésuk
kowé, Musa, balia menyang ara-ara
samun, sing tekan Teluk Akaba."
25 (14:24)
26 Pangandikané Gusti Allah marang
Musa lan Harun,
27 "Isih pira lawasé wong-wong ala iki
enggoné ngedumel nglawan marang
Aku? Aku wis bosen ngrungokaké
panggrundelé!
28 Padha wangsulana mengkéné;
Allah ngandika, ‘Aku sumpah nganggo
dhasar asma-Ku dhéwé, kowé bakal
ketekan kaya sing kokjaluk dhéwé.
Aku iki Pangéran, kaya mengkono
pangandika-Ku.
29 Kowé bakal padha mati lan layonmu
bakal pating gléthak ana ing segara
wedhi kéné. Kejaba Kalèb lan Yosua ora
ana panunggalanmu sing umuré rong
puluh taun munggah bakal mlebu ing
tanah sing wis Dakjanjèkaké marang
kowé.

30 (14:29)
31 Kowé padha ngucap yèn anak-
anakmu bakal dadi tawanan! Nanging
bocah-bocah kuwi sing bakal Dakgawa
mlebu ing tanah, sing koktampik mau;
lan tanah kono bakal dadi duwèké.
32 Déné kowé bakal padha mati ing
segara wedhi kéné.
33 Anak-anakmu bakal nglembara ing
ara-ara samun kéné nganti patang puluh
taun lawasé. Merga enggonmu ora setya,
anak-anakmu bakal padha nandhang
sangsara, nganti wong panunggalanmu
sing pungkasan mati.
34 Kowé bakal padha nyangga dosamu
nganti patang puluh taun lawasé,
miturut cacahé dina enggonmu padha
nelik ndlajahi tanah mau, yakuwi patang
puluh dina; sedina kaétung setaun.
Kowé bakal ngrasakaké kepriyé rasané
yèn Daksingkur!
35 Aku sumpah yèn Aku bakal nindakaké
sing mengkono mau marang kowé; lan
wong ala sing padha saiyeg nglawan
marang Aku. Ing segara wedhi kéné
kowé kabèh bakal ngalami mati. Aku,
Pangéran sing ngandika!’"

36 Wong-wong sing padha dikongkon
Musa nelik ing tanah Kenaan sabaliné
padha gawé laporan sing ora nyata,
nganti ndadèkaké wong Israèl padha
ngedumel marang Gusti Allah. Mulané
padha diukum srana pageblug, kang
njalari patiné.
37 (14:36)
38 Panunggalané wong rolas sing nelik
tanah Kenaan, mung Yosua lan Kalèb
dhéwé sing padha lestari urip.
39 Nalika Musa nglantaraké dhawuhé
Pangéran mau marang umat Israèl,
kabèh padha sedhih banget.
40 Ésuké isih umun-umun wong-
wong mau padha tata-tata arep
nglurug menyang daérah pegunungan.
Tembungé, "Pancèn aku wis padha
nglakoni dosa. Nanging saiki aku
arep padha menyang tanah sing
dingandikakaké marang kita."
41 Nanging Musa kandha, "Yagéné saiki
kowé arep nglanggar dhawuhé Allah?
Kowé ora bakal olèh gawé!
42 Aja padha lunga. Kowé bakal kalah
perangmu merga Allah ora nunggil karo
kowé.

43 Yèn kowé perang karo wong Amalèk
lan wong Kenaan, kowé kabèh bakal
mati ing peprangan. Allah ora bakal
mitulungi kowé, merga kowé padha
mbaléla marang Panjenengané."
44 Éwasemono wong-wong Israèl
mau padha ora ngrèwès, malah tanpa
dipikir dawa padha menyang daérah
pegunungan, senajan Musa lan Pethiné
Prejanjian ora mèlu mangkat.
45 Wong Amalèk lan wong Kenaan sing
padha manggon ing kana padha nglawan
wong Israèl, temah wong Israèl padha
kalah, sarta dioyak nganti tekan kutha
Horma.

15

1 Gusti Allah maringaké marang
Musa
2 prenatan-prenatan kanggo bangsa
Israèl sing kudu dilakoni samasa
manggon ana ing tanah Kenaan,
mengkéné:
3 Kanggo kurban obongan utawa kurban
netepi janji utawa kurban sukuran, utawa
kurban sing disaosaké ing dina-dina
riaya, kepareng nyaosaké: sapi lanang
siji, wedhus gèmbèl lanang siji, wedhus
gèmbèl wadon siji utawa wedhus jawa

siji. Gandané kurban dhaharan kuwi
gawé renaning penggalihé Pangéran.
4 Sapa sing saos kurban rupa wedhus
gèmbèl utawa wedhus jawa, kudu iya
nyaosaké bareng karo wedhus-wedhus
mau glepung sakilogram, sing disoki
lenga zaitun saliter lan anggur saliter
kanggo kurban dhaharan.
5 (15:4)
6 Yèn sing dienggo kurban mau wedhus
gèmbèl lanang, kudu iya nyaosaké
glepung rong kilogram, diesoki lenga
zaitun karotengah liter,
7 karo anggur karotengah liter, kanggo
kurban dhaharan. Gandané kurban-
kurban mau gawé renaning penggalihé
Pangéran.
8 Yèn sing dienggo kurban mau sapi
lanang siji kanggo kurban obongan
utawa kurban netepi janji, utawa kurban
keslametan,
9 kudu dibarengi telung kilogram
glepung sing disoki lenga zaitun rong
liter,
10 karo anggur rong liter kanggo kurban
dhaharan. Gandané kurban-kurban mau
gawé renaning penggalihé Pangéran.

11 Iki kabèh sing kudu disaosaké
bebarengan karo saben kéwan, yèn sing
digawé kurban rupa sapi lanang siji,
utawa wedhus gèmbèl wadon, utawa
wedhus jawa.
12 Yèn sing digawé kurban mau kéwan
luwih saka siji, sesaosan sing rupa
glepung, lenga zaitun lan anggur iya
kudu diluwihi miturut cacahé kéwan sing
dienggo kurban.
13 Iki prenatan sing kudu ditetepi
déning saben wong Israèl samasa saos
kurban dhaharan. Gandané kurban mau
gawé renaning penggalihé Pangéran.
14 Saben wong manca sing ana ing
tengahmu, iya sing manggoné mung
sawetara mangsa, utawa sing selawasé;
samasa saos kurban dhaharan kudu
netepi prenatan mau kabèh supaya
gandané gawé renaning penggalihé
Pangéran.
15 Hukum lan prenatan iki kanggo kowé
lan kanggo wong manca sing manggon
ing tengahmu, kabèh padha, merga
kowé lan wong manca kuwi kanggoné
Allah padha waé. Prenatan iki kanggo
ing selawas-lawasé.
16 (15:15)

17 Gusti Allah maringaké marang Musa
18 prenatan-prenatan kanggo wong
Israèl, sing kudu ditetepi yèn wis padha
manggon ing tanah sing diparingaké
déning Pangéran.
19 Wulu wetuning bumi sing kokenggoni
kuwi sapérangan kudu kokpething
kasaosaké marang Pangéran.
20 Roti kawitan sing kokpangan saka
gandum sing kokenèni dhisik dhéwé,
kudu koksaosaké kanggo kurban
marang Pangéran. Carané kaya yèn
kowé nyaosaké gandum kawitan sing
kokdeplok.
21 Roti kawitan sing kudu koksaosaké
mau mligi kagem Pangéran; iki prenatan
kanggo ing selawas-lawasé.
22 Bisa uga mbésuk ana wong sing lali
netepi prenatan sing wis diparingaké
déning Gusti Allah marang Musa.
23 Lan bisa uga mbésuk bangsa
Israèl lali netepi sakèhé prenatan sing
diparingaké déning Allah marang Musa
mau.
24 Yèn umat Israèl nglakoni kaluputan
merga saka ora ngertiné, kuwi kudu
nyaosaké kurban obongan rupa sapi
lanang siji dikanthèni kurban dhaharan

lan anggur kaya sing wis ditetepaké.
Gandané kurban mau gawé renaning
Penggalihé Pangéran. Kejaba saka kuwi
uga kudu nyaosaké kurban panebusing
dosa rupa wedhus gèmbèl lanang siji.
25 Imam banjur kudu nindakaké upacara
pangruwating dosa kanggo umat. Gusti
Allah bakal ngapura umat mau, merga
kaluputané mau ora dijarag, lan iya
wis nyaosaké kurban pangruwating
dosa konjuk marang Allah, rupa kurban
dhaharan.
26 Wong Israèl kabèh lan wong manca
sing manggon ing tengahé bakal
diapura, merga kabèh padha katut gawé
kaluputan mau.
27 Yèn wong nglanggar prenatan tanpa
dijarag, kudu saos kurban wedhus jawa
wadon siji sing umur setaun kanggo
pangruwating dosané.
28 Imam kudu nindakaké upacara
pangruwating dosa ana ing mesbèh,
kanggo tandha yèn wong mau wis luwar
saka dosané; Gusti Allah iya banjur
ngapura.
29 Prenatan iki kanggo sapa waé sing
nglakoni dosa tanpa dijarag, iya wong

Israèl, utawa wong manca sing tetep
manggon ing kono.
30 Nanging yèn wong Israèl utawa wong
manca nglakoni kaluputan srana dijarag,
wong kuwi ngrèmèhaké marang Allah,
kudu diukum pati,
31 merga nglawan marang Allah lan
nglanggar prenatané Allah. Wong mau
mati merga salahé dhéwé.
32 Nalika wong Israèl padha ana ing
ara-ara samun, ana wong lanang golèk
kayu ing dina Sabbat.
33 Wong mau digawa ngadhep marang
Musa, Harun lan umat kabèh,
34 lan ditahan merga durung cetha kudu
dikapakaké.
35 Pangandikané Pangéran marang
Musa, "Wong kuwi kudu diukum pati
ing sanjabané pedésan. Wong kabèh
kudu mbenturi wong mau nganggo watu
nganti mati."
36 Wongé nuli diirid metu saka pedésan
lan dibenturi watu nganti mati, kaya sing
didhawuhaké déning Allah.
37 Gusti Allah paring dhawuh marang
Musa
38 supaya maringaké prenatan marang
wong Israèl mengkéné, "Gawéa

gombyok ing plisiring[l] jubahmu, lan
saben gombyok talènana nganggo
tali biru. Prenatan iki kanggo ing
selawas-lawasé.
39 Gombyok-gombyok kuwi gunané
kanggo ngélingaké kowé. Saben-saben
kowé weruh gombyok mau, kowé bakal
kèlingan marang sakèhé prenatan-
prenatan-Ku, nuli bakal koklakoni.
Lan srana mengkono kowé bakal ora
nyingkur marang Aku sarta ora nuruti
karepmu dhéwé.
40 Gombyok-gombyok mau bakal
ngélingaké kowé nglakoni prenatan-
prenatan kabèh; yèn ngono kowé
temen-temen dadi umat kagungan-Ku.
41 Aku iki Pangéran, Allahmu. Aku sing
ngirid kowé metu saka tanah Mesir,
supaya Aku dadi Allahmu. Aku iki Allah."

16 1 Korah bin Yizhar, turuné Kéhat,
taler Lèwi, wani miwiti mbrontak
nglawan marang Musa. Dhèwèké dibantu
wong telu saka taler Rubèn — yakuwi
Datan lan Abiram, anak-anaké Éliab lan
On anaké Pèlèt —. Kejaba kuwi dibantu
wong Israèl 250 liyané, yakuwi para

---

[l]plisir: aris: pinggiring jubah.

penggedhé sing misuwur, sing dipilih
déning rakyat.
2 (16:1)
3 Wong-wong mau kabèh bebarengan
ngadhep marang Musa lan Harun, karo
kandha, "Musa, rungokna! Saben wong
ing Israèl kéné dipilih kagem Allah. Lan
Gusti Allah ana ing tengah kita. Nanging
yagéné kowé kokngganggep awakmu
ngungkuli umaté Allah. Tumindakmu
sing mengkono kuwi wis kebangeten!"
4 Bareng krungu tembung mau, Musa
banjur jèngkèng, sumungkem ing bumi
sarta ndedonga.
5 Banjur kandha karo Korah lan
kanca-kancané, "Sésuk-ésuk Gusti Allah
bakal maringi pirsa marang kita, sapa
wongé sing dipilih déning Allah. Wong
sing dipilih kuwi sing bakal ditugasaké
nyedhaki mesbèh.
6 Sésuk-ésuk kowé lan kanca-kancamu
kudu padha nggawa pedupan, didokoki
geni lan menyan, nuli kudu digawa
nyedhaki mesbèh. Mengko kita bakal
weruh sapa sing sanyatané dipilih
déning Allah. Kowé wong-wong Lèwi sing
pancèn kebangeten!"
7 (16:6)

8 Musa banjur nerusaké kandhané karo
Korah, "Rungokna, kowé wong Lèwi
kabèh!
9 Apa kokkira iki prekara sepélé déné
Allahé Israèl wis milih kowé kabèh
saka antarané umat Israèl, supaya
nindakaké tugas ing ngarsané, lan mlebu
ing Kémah Suci, sarta nyambut-gawé
kanggo umat Israèl?
10 Kowé Korah lan wong-wong Lèwi
liyané. Kowé rak wis nampa kaurmatan
saka Allah, yagéné kowé saiki isih
kepéngin dadi imam?
11 Yèn kowé, Korah lan kanca-kancamu
padha ngresula, mèri karo Harun, kuwi
satemené Allah piyambak sing padha
koklawan!"
12 Musa banjur akon ngundang Datan
lan Abiram, nanging padha ora gelem
teka, kandhané, "Aku emoh mara!
13 Apa isih kurang enggonmu gawé
sengsaraku, kokgawa metu saka tanah
Mesir sing loh jinawi supaya aku padha
ngalami mati ing pesamunan kéné? Apa
saiki kowé isih arep mréntah aku?
14 Wis cetha yèn kowé ora bakal ngirid
aku menyang panggonan sing loh jinawi,
lan kokpandumi sawah sarta kebon

anggur. Apa saiki kowé isih arep ngapusi
aku menèh? Ora, aku ora sudi mara!"
15 Musa nepsu banget lan matur marang
Allah, "Dhuh Allah, mugi sampun kersa
nampi sesaosan ingkang kasaosaken
déning tiyang-tiyang menika. Dèrèng
naté kula damel pitunanipun tiyang-
tiyang menika, senajan kuldi setunggal
kémawon dèrèng naté kula tampi saking
piyambakipun."
16 Musa banjur kandha karo Korah,
"Sésuk-ésuk kowé lan wong 250
kanca-kancamu padha tekaa ing Kémah
Suci. Harun iya bakal teka mrana.
17 Kowé kudu padha nggawa pedupan
dhéwé-dhéwé, sing wis kokdokoki
menyan. Kuwi saosna ing mesbèh."
18 Kacrita ésuké saben wong mau
nggawa pedupan diisèni mawa limang
iji lan menyan, nuli ngadeg ing lawangé
Kémah Suci, bareng karo Musa lan
Harun.
19 Sawisé mengkono Korah banjur
nglumpukaké umat Israèl kabèh, nuli
ngadeg adhep-adhepan karo Musa lan
Harun. Dumadakan wong kabèh padha
weruh cahya kamulyané Allah sumunar
mblerengi.

20 Pangandikané Allah marang Musa lan
Harun,
21 "Padha sumingkira saka wong-wong
kuwi, arep Daksirnakaké saiki uga."
22 Nanging Musa lan Harun nuli sujud
sumungkem ing bumi, aturé, "Dhuh
Allah. Paduka ingkang paring gesang
dhateng sedaya tumitah. Menapa mergi
tiyang setunggal ingkang nglampahi
kalepatan, umat sedaya badhé Paduka
sirnakaken?"
23 Pangandikané Allah marang Musa,
24 "Wong kabèh konen sumingkir saka
kémahé Korah, Datan lan Abiram."
25 Musa lan penggedhéné Israèl nuli
padha menyang kémahé Datan lan
Abiram.
26 Kandhané Musa marang wong-wong
Israèl kabèh, "Padha sumingkira saka
kémahé wong-wong ala iki, lan aja
nggepok barang-darbèké apa waé. Yèn
padha ora nurut, kowé bakal padha
kasirnakaké bareng karo wong-wong ala
kuwi."
27 Wong akèh mau nuli padha nyingkir
saka kémahé Korah, Datan lan Abiram.
Datan lan Abiram metu, ngadeg ana

ing lawanging kémahé dhéwé-dhéwé,
saanak-bojoné.
28 Musa banjur kandha karo umat
Israèl kabèh, "Nganggo cara iki kowé
bakal padha weruh enggonku didhawuhi
nindakaké iki kabèh. Iki ora merga saka
karep-Ku dhéwé.
29 Yèn wong-wong iki padha mati kaya
patrapé wong lumrah tanpa diukum
déning Allah, kuwi tandhané yèn aku ora
diutus déning Allah.
30 Nanging yèn Allah nindakaké prekara
sing durung tau kokrungu sadurungé,
lan yèn bumi ngangapaké cangkemé lan
nguntal wong-wong kuwi urip-uripan
mudhun ing papané wong mati dalah
sabarang-darbèké, kuwi tandhané yèn
wong-wong mau padha nglawan marang
Allah."
31 Lagi waé Musa meneng, bumi sing
dienciki Datan lan Abiram mlekah,
32 nguntal urip-uripan wong-wong mau
lan para brayaté, bebarengan karo
kanca-kancané Korah kabèh apa déné
sabarang-darbèké.
33 Mengkono enggoné padha
kacemplung urip-uripan ing donyané
wong mati bebarengan karo barang-

darbèké kabèh. Buminé nuli mingkem
menèh pulih kaya mauné.
34 Wong Israèl kabèh sing padha ana
ing kono krungu panjerité wong-wong
sing kauntal déning bumi mau, nuli
padha mlayu, karo bengok-bengok,
"Rikat mlayu! Aja nganti kita iya katut
diuntal ing bumi!"
35 Gusti Allah banjur nekakaké geni,
mulad-mulad mangsa wong 250 sing
padha nyaosaké menyan ing pedupan
mau.
36 Gusti Allah ngandika marang Musa,
37 "Èléazar anaké Imam Harun konen
ngukupi turahané pedupan-pedupan,
sing gemléthak ing antarané wong-wong
sing kasirnakaké mau. Areng-areng
sing ana ing pedupan-pedupan mau
dokokna ing panggonan liya, merga
pedupan-pedupan kuwi suci.
38 Barang-barang kuwi wis dipilih nalika
disaosaké ana ing mesbèhé Pangéran.
Mulané jupukana saka panggonané
wong-wong sing katumpes mau.
Barang-barang kuwi kudu digemblèng,
didadèkaké lèmpèngan tipis, lan
lèmpèngan-lèmpèngan mau kagawéa

tutup kanggo mesbèh. Kuwi dadia
pengéling-éling tumrap bangsa Israèl."
39 Èléazar banjur nglumpukaké
pedupan-pedupan mau, lan akon wong
nggemblèng dadi lèmpèngan-lèmpèngan
tipis, kagawé tutup mesbèh.
40 Kuwi kanggo pengéling-éling tumrap
bangsa Israèl, yèn kejaba anak-turuné
Harun ora ana wong sing kepareng
nyedhaki mesbèh, ngobong dupa konjuk
marang Allah. Wong sing nglanggar
prenatan mau bakal ditumpes kaya
Korah lan kanca-kancané. Mulané kabèh
mau ditindakaké déning Èléazar kaya
kang kadhawuhaké déning Allah lantaran
Musa.
41 Ésuké wong Israèl kabèh padha
nepsoni Musa lan Harun, kandhané,
"Kowé sing marakaké umaté Allah salong
padha mati."
42 Sawisé bebarengan padha nglawan
marang Musa lan Harun, wong-wong
mau padha nolèh marang Kémah Suci.
Ing kono padha weruh Kémah mau
ketutupan méga lan nyunaraké cahya
kamulyané Allah, sing mblerengi.
43 Musa lan Harun padha ngadeg ing
lawangé Kémah Suci.

44 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa,
45 "Sumingkira saka wong-wong kuwi.
Arep Daktumpes ing panggonan kono
uga." Musa lan Harun nuli padha sujud
sumungkem ing bumi.
46 Kandhané Musa marang Harun,
"Pedupané jupuken, isènana mawa
limang iji saka mesbèh, nuli mawa kuwi
pyurana menyan. Pedupan kuwi énggal
gawanen ing panggonané wong akèh,
lan nindakna upacara pirukun. Gelis
lakonana! Paukumané Allah wis wiwit
mulad-mulad lan paukumané wis wiwit
nempuh marang umaté."
47 Harun banjur nindakaké apa sing
dikandhakaké Musa. Énggal-énggal
njupuk pedupané lan mlayu ing
satengahé umat Israèl sing lagi
padha nglumpuk. Bareng weruh yèn
paukumané wis wiwit nempuh, menyané
banjur diuwur-uwuraké ing mawa, lan
miwiti nindakaké upacara pirukun.
48 Paukumané nuli sirep, lan Harun
ngadeg ing antarané wong sing wis mati
lan sing isih urip.

49 Cacahé sing mati nalika iku ana
14.700, durung kepétung wong sing
padha mati bareng karo Korah.
50 Sawisé paukuman mau sirep, Harun
banjur bali marani Musa ana ing ngarepé
lawang Kémah Palenggahané Allah.

17 1 Gusti Allah ngandika marang
Musa,
2 "Bangsa Israèl konen masrahaké
teken rolas marang kowé; saben
penggedhéné taler masrahna teken siji.
Jenengé saben penggedhé mau tulisen
ing tekené dhéwé-dhéwé.
3 Jenengé Harun tulisen ing teken sing
saka taler Lèwi. Saben penggedhé taler
kudu ana tekené.
4 Teken-teken mau gawanen menyang
Kémah Suci, sèlèhna ing ngarepé Pethi
Prejanjian. Ana ing panggonan kono
enggon-Ku bakal nemoni kowé.
5 Tekené wong sing Dakpilih, mengko
bakal semi. Nganggo cara mengkono
Aku bakal nyirep swarané wong-wong
sing ora lèrèn-lèrèn nggrundeli kowé."
6 Prekara kuwi diumumaké déning
Musa marang wong Israèl kabèh. Para
penggedhé banjur padha masrahaké
tekené dhéwé-dhéwé marang Musa;

saben penggedhé masrahaké teken siji.
Cacahé kabèh ana rolas. Tekené Harun
uga ana ing antarané teken-teken mau.
7 Teken-teken mau kabèh nuli
disèlèhaké déning Musa ing ngarepé
Pethi Prejanjian.
8 Ésuké nalika Musa mlebu ing Kémah
Suci, weruh tekené Harun sing makili
taler Lèwi, wis semi. Malah wis metu
kembangé iya banjur megar lan
metokaké woh ketapang sing wis
mateng.
9 Musa banjur nglumpukaké teken-
teken mau, lan dituduhaké marang umat
Israèl. Kabèh padha weruh lelakon mau,
nuli saben penggedhé njupuk bali tekené
dhéwé-dhéwé.
10 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa, "Tekené Harun balèkna ing
ngarepé Pethi Prejanjian. Teken kuwi
kudu disimpen kanggo pengéling-éling
tumrap wong Israèl sing senengané
mbrontak lan sing sapa ora marèni
panggrundelé bakal mati."
11 Musa nglakoni apa sing kadhawuhaké
déning Allah.
12 Bangsa Israèl nuli kandha karo Musa,
"Yèn mengkono rak cilaka kita kabèh iki!

[13] Yèn wong sing nyedhaki Kémah
Palenggahané Allah mesthi kaukum pati;
iki ateges yèn kita kabèh bakal padha
kasirnakaké."

18 [1] Gusti Allah ngandika marang
Harun, "Harun, kowé lan anak-
anakmu sarta wong-wong Lèwi kudu
nyangga sakèhing kaluputan sing
magepokan karo Kémah Suci kéné.
Nanging mung kowé lan anak-turunmu
waé sing nyangga kabèh kaluputan sing
magepokan karo tugas kaimaman.
[2] Sanak sedulurmu saka taler Lèwi
jaken nyambut-gawé bebarengan karo
kowé, lan konen ngréwangi kowé,
samasa kowé lan anak-anakmu lagi
nglakoni ayahan ing Kémah Suci.
[3] Taler Lèwi kudu nglakoni kuwajibané
tumraping kowé lan nglakoni ayahané
ing Kémah Palenggahané Allah kéné,
nanging ora kena nggepok barang-
barang suci sing ana ing Papan Suci
utawa sing ana ing mesbèh. Yèn nganti
padha nggepok, wong mau lan kowé
pisan bakal mati.
[4] Wong-wong mau kudu nyambut-gawé
bebarengan karo kowé lan padha
nglakoni apa sing dadi kuwajibané

lan sedhéngah tugas ing Kémah
Palenggahané Allah, nanging sapa waé
sing ora duwé wewenang, ora kena
ngladèni kowé.
5 Mung kowé lan anak-anakmu dhéwé
sing kepareng nindakaké ayahan ing
Papan Suci lan ing mesbèh, supaya Aku
ora duka menèh marang bangsa Israèl.
6 Aku dhéwé sing wis milih sanak
sedulurmu, wong Lèwi saka tengahé
bangsa Israèl Dakparingaké marang
kowé. Wong-wong kuwi Dakpilih kanggo
ngladèni ing Kémah Palenggahané Allah.
7 Nanging mung kowé lan anak-anakmu
sing kepareng nindakaké pegawéan
imam, ngladèni ing mesbèh lan Papan
Suci. Yakuwi tanggung jawabmu, merga
kowé lan anak-anakmu sing Dakparingi
kanugrahan dadi imam. Saben wong sing
ora wenang, yèn nyedhak barang-barang
suci mau bakal kaukum pati."
8 Pangandikané Allah marang Harun,
"Sakèhing pisungsung sing mligi kanggo
Aku lan ora diobong kanggo kurban,
kuwi dadi bagéanmu. Iki prenatan
kanggo selawas-lawasé ing ngatasé
kowé lan anak-turunmu.

9 Pisungsung-pisungsung mahasuci,
sing ora diobong ing mesbèh sing
dadi bagéanmu yakuwi: kurban
dhaharan, kurban pangruwating dosa,
kurban dhendha. Sabarang kabèh sing
disaosaké marang Aku dadi kurban suci,
kuwi dadi bagéanmu lan anak-anakmu.
10 Kuwi kudu kokanggep suci, mula
kudu kokpangan ing panggonan sing
suci. Sing kena mangan mung wong
lanang.
11 Kejaba kuwi, sakèhing pisungsung
khusus sing disaosaké déning umat
Israèl kanggo Aku, kuwi iya dadi
bagéanmu; Dakparingaké marang kowé
lan anak-anakmu, lanang lan wadon.
Prenatan iki kanggo selawas-lawasé.
Saben wargané brayat sing resik miturut
prenataning agama, kepareng mangan
saosan mau.
12 Kowé Dakpandumi sing apik dhéwé
saka pametuné bumi, panènan sing
kawitan, sing saben taun disaosaké
déning umat Israèl marang Aku, yakuwi:
lenga zaitun, anggur lan gandum.
13 Kabèh kuwi kanggo kowé. Saben
wargané brayat sing resik miturut

prenataning agama, kepareng mangan
saosan mau.
14 Sabarang sing mligi disaosaké
marang Aku kuwi dadi bagéanmu.
15 Saben anak pembarep, dadia
manungsa utawa kéwan sing disaosaké
déning wong Israèl marang Aku, kuwi
dadi bagéanmu. Kowé kudu nampa
dhuwit tebusané saben anak pembarep
lan anaké saben kéwan karam, sing lair
kawitan.
16 Bocah mbarep kudu ditebus samasa
umur sesasi. Rega resmi sing wis
ditetepaké yakuwi limang slaka.
17 Nanging pembarepé sapi, wedhus
gèmbèl lan wedhus jawa ora kena
ditebus. Kéwan-kéwan mau mung
kanggo Aku dhéwé lan kudu disaosaké
dienggo kurban. Getihé siramna ing
mesbèh lan gajihé kudu dienggo kurban
dhaharan. Gandané kurban mau gawé
renaning penggalih-Ku.
18 Déné dagingé dadi bagéanmu,
mengkono uga dhadha lan sampil mburi.
19 Pisungsung khusus sing disaosaké
wong Israèl marang Aku, kuwi selawasé
Dakparingaké marang kowé lan anak-
anakmu lanang lan wadon. Kuwi dadia

prejanjian ing antarané Aku lan kowé
turun-temurun."
20 Gusti Allah uga ngandika marang
Harun, "Kowé padha ora nampa warisan
apa-apa. Kowé padha ora nampa
panduman lemah saka tanah sing
Dakjanjèkaké. Aku Allah, ya Aku iki
pandumanmu."
21 Pangandikané Allah marang Harun,
"Kabèh prasepuluhan sing disaosaké
déning wong Israèl marang Aku, wis
Dakparingaké marang wong Lèwi. Kuwi
opahé enggoné ngrawat Kémah Suci.
22 Wong Israèl liyané ora kepareng
nyedhak ing Kémah Suci, supaya aja
nemahi mati.
23 Wiwit saiki mung wong Lèwi dhéwé
sing kepareng ngrawat Kémah Suci
lan mikul sakèhing tanggung jawab
ing ngatasé pegawéan mau. Prenatan
iki uga kanggo anak-turunmu ing
selawas-lawasé. Wong Lèwi ora bakal
nampa warisan apa-apa ana ing Israèl,
24 merga wis Dakparingi warisan,
yakuwi prasepuluhan sing disaosaké
déning umat Israèl mligi kanggo Aku.
Kuwi sebabé Aku ngandika marang

wong Lèwi, yèn dhèwèké ora nampa
panduman warisan ana ing Israèl."
25 Gusti Allah ngandika marang Musa
26 supaya ndhawuhaké marang
wong Lèwi, "Yèn kowé padha nampa
pisungsung prasepuluhan saka wong
Israèl sing dadi pandumanmu, kowé
nyaosna saprasepuluhé pandumanmu
mau konjuk marang Aku, minangka
pisungsung khusus.
27 Pisungsung khusus kuwi dianggep
padha karo pisungsung rupa gandum
anyar lan anggur anyar sing disaosaké
déning wong tani.
28 Srana mengkono kowé padha
nyaosaké pisungsung khusus marang
Aku, saka prasepuluhan sing padha
koktampa saka umat Israèl. Pisungsung
khusus sing konjuk marang Allah kuwi
kudu koktampakaké marang Imam
Harun.
29 Pasrahna apa sing becik dhéwé saka
sing koktampa.
30 Sawisé sing becik dhéwé wis
kokpasrahaké marang Harun, turahé
kena kokjupuk, ora béda karo wong tani
njupuk apa sing turah, sawisé nyaosaké
pisungsungé.

31 Apa sing turah mau kena kokpangan
karo brayatmu ana ing endi waé, merga
kuwi opahé enggonmu ngladèni ana ing
Kémah Suci.
32 Kowé ora kesalahan, angger kowé
wis nyaosaké bagéan sing becik dhéwé
marang Allah. Nanging aja pisan najisaké
pisungsung suci sing disaosaké déning
wong Israèl. Srana mangan pisungsung
mau, sadurungé nyaosaké sing becik
dhéwé konjuk marang Allah. Yèn kowé
nganti nindakaké sing mengkono, kowé
bakal diukum pati."

19

1 Gusti Allah paring dhawuh
marang Musa lan Harun
2 supaya gawé prenatan kanggo bangsa
Israèl mengkéné: Njupuka sapi sing
ulesé abang, tanpa cacad lan sing
durung tau ditumpangi pasangan.
3 Kuwi pasrahna Imam Èléazar. Sapi
mau kudu digawa metu saka ing kémah,
banjur disembelèha ing ngarepé Imam
Èléazar.
4 Imam Èléazar banjur kudu njupuk
getihé kéwan mau sethithik lan dikepyur-
kepyuraké ing Kémah Suci nganti ping
pitu.

5 Kéwan mau wutuh, dadi klebu kulit,
daging, getih lan jeroané kudu diobong
ing ngarepé Imam Èléazar.
6 Sawisé mengkono imam mau kudu
nyemplungaké ing geni kayu aras
selonjor, carang hisop[m] siji, tali sing
rupané abang saeler.
7 Imam banjur kudu ngumbah
sandhanganè lan adus dhisik sadurungé
mlebu ing kémah, éwasemono dhèwèké
isih najis tekan wayah surup.
8 Wong sing ngobong sapi mau iya kudu
ngumbah sandhanganè lan adus; awit
wong mau najis tekan surup.
9 Banjur kudu ana wong sing resik
miturut prenatan agama, nglumpukaké
awuné sapi abang mau, didokokaké
ing panggonan sing resik miturut
prenatané agama, ing sanjabané kémah.
Awuné sapi abang mau disimpen ana
ing kono, disedhiyakaké karo banyu
pasucèn, kanggoné samasa umat Israèl
nganakaké upacara pangruwating dosa.

---

[m]hisop: namanipun taneman ingkang gagang lan ronipun kanggé nyiprat-nyipratakēn barang èncèr (cuwèr) kadosta rah (Kel 12:22; Bil 19:18; Mzm 51:9; Yoh 19:29).

10 Wong sing nglumpukaké awuné
sapi mau kudu ngumbah sandhangané,
éwasemono wong mau tekan surup
tetep najis. Prenatan iki kanggo ing
selawas-lawasé, iya kanggo wong
Israèl, utawa kanggo wong manca sing
bebarengan manggon ana ing kono.
11 Sing sapa nggepok mayit, dadi najis
nganti pitung dina.
12 Ing dina katelu lan kapituné wong
mau kudu ngresiki awaké nganggo banyu
suci, supaya resik miturut prenatané
agama. Yèn ora ngresiki awaké ing dina
katelu lan kapitu wong mau tetep najis.
13 Sing sapa nggepok mayit, mangka
ora ngresiki awaké nganggo banyu suci,
kuwi wong najis. Wong mau gawé najisé
Kémah Suci, mulané kudu disébrataké
saka umaté Allah.
14 Yèn ana wong sing tinggal-donya
ana ing kémah, kabèh wong sing ana
ing kémah kono, lan sapa sing mlebu
mrono, dadi najis.
15 Kendhi lan kuwali sing ana ing kémah
kono sing ora ditutupi, iya dadi najis.
16 Wong sing nggepok mayité wong
sing dipatèni utawa sing mati lumrah ing
pategalan, utawa yèn nggepok kijingé

wong mati ing kuburan, utawa balungé
wong mati, wong mau najis pitung dina.
17 Kanggo ngresiki awaké, wong mau
kudu njupuk awuné sapi abang, sing
wis diobong kanggo pangruwating dosa,
dilebokaké ing kendhi, diisèni banyu
anyar.
18 Yèn nggepok mayité wong sing
mati ing sajroning kémah kuwi carané
mengkéné: kudu ana wong sing resik,
miturut prenataning agama, njupuk
carang hisop siji; carang mau dicelupaké
ing banyu suci sing ana ing kendhi mau,
banjur diciprat-ciprataké nganggo hisop
mau ing kémah lan wong kabèh sing
ana ing kémah kono. Yèn sing digepok
mau mayité wong sing dipatèni utawa
sing matiné ana ing tegalan utawa yèn
nggepok kijing utawa balungé wong
mati, kudu ana wong sing resik miturut
prenataning agama nyiprat-nyiprataké
banyu suci mau marang sing padha
najis.
19 Kuwi kudu ditindakaké menèh ing
dina katelu lan kapituné. Lagi sawisé
dina sing kapitu upacara pasucèn mau
rampung. Wong-wong sing padha
najis mau kudu padha ngumbah

sandhangané lan adus. Sawisé wayah
surup wong-wong mau wis resik menèh.
20 Sapa sing dadi najis, mangka ora
nindakaké upacara pasucèn, kuwi tetep
najis, merga durung diciprati banyu suci
mau. Wong kuwi gawé regedé Kémah
Suci, mulané kudu disébrataké saka
umaté Allah.
21 Prenatan iki kudu koktetepi ing
selawas-lawasé. Wong sing nyiprat-
nyiprataké banyu suci mau dadi najis
nganti surup.
22 Barang sing digepok déning wong
sing najis, semono uga wong liya sing
nggepok barang mau, iya dadi najis
tekan surup.

20 1 Nalika sasi kapisan wong Israèl
kabèh wis tekan segara wedhi
Zin lan padha masang kémah ana ing
Kadès. Miryam tilar-donya ing kono, nuli
kakubur.
2 Ing palèrèhan kono ora ana banyu,
mulané wong-wong padha nekani Musa
lan Harun
3 karo grundelan tembungé, "Luwih
becik saupama kita iki padha mati
ing ngarepé Kémah Suci, bareng karo
sedulur-sedulur kita biyèn kaé.

4 Yagéné aku kokgawa menyang
pesamunan kéné? Apa aku kokkon mati
karo raja-kayaku ana ing kéné?
5 Preluné apa aku kokgawa metu saka
tanah Mesir, menyang panggonan sing
gawé sengsara mengkéné, sing ora ana
tandurané apa-apa? Ora ana gandum,
ora ana wit anjir, ora ana anggur, ora ana
wit dlima. Malah banyu waé ora ana!"
6 Musa lan Harun padha menyang
Kémah Suci lan ngadeg sacedhaké
lawangé. Ana ing kono banjur padha
sujud sumungkem. Cahya kamulyané
Pangéran nuli nyunari wong loro mau.
7 Pangandikané Allah marang Musa,
8 "Njupuka tekenmu. Kowé lan Harun
kakangmu akona umat Israèl kabèh
supaya padha nglumpuk. Ana ing
ngarepé wong kabèh mau kowé ngucapa
marang gunung watu, supaya metokaké
banyu. Srana mengkono kowé ngétokna
banyu saka gunung watu kuwi kanggo
ngombé umat lan raja-kayané."
9 Musa nuli njupuk tekené saka Kémah
Suci, kaya sing didhawuhaké déning
Allah.
10 Bareng Musa lan Harun wis
nglumpukaké umat kabèh ing ngarepé

gunung watu mau, banjur Musa kandha
karo wong akèh mau, "Rungokna, hèh
wong jahat, apa aku kudu ngetokaké
banyu saka gunung watu iki?"
11 Musa banjur ngangkat tanganè lan
njojoh gunung watu mau nganggo
tekené kaping pindho. Sanalika
banyuné metu, wusana umat kabèh lan
raja-kayané bisa padha ngombé.
12 Nanging Gusti Allah ngandika marang
Musa lan Harun, "Sarèhné kowé ora
padha precaya marang Aku lan ora
ngurmati marang kaluhuran-Ku ana
ing ngarepé umat Israèl, mulané kowé
ora bakal ngirid bangsa iki mlebu ing
tanah sing wis Dakparingaké marang
umat-Ku."
13 Iya ana ing tuk Mériba kéné wong
Israèl padha nglawan Allah, sarta Allah
ngetingalaké kamulyané marang bangsa
mau.
14 Sawisé lelakon mau, saka Kadès
kono Musa kongkonan wong nemoni raja
Édom, dikon matur, "Panjenengan pirsa
sepinten kasisahan ingkang kasanggi
déning sedhèrèk panjenengan, umat
Israèl.

15 Leluhuripun sami késah dhateng
tanah Mesir, lan kula sami ngantos
dangu wonten ing ngrika. Kula lan para
leluhur kula sami dipun aniaya déning
tiyang Mesir.
16 Wusana kula sami sesambat
dhateng Pangéran. Panjenenganipun
miyarsakaken pesambat kula, lajeng
ngutus Malaékatipun ngirid kula medal
saking tanah Mesir. Samenika kula sami
dumugi ing Kadès, kitha alit ing tapel
watesé daérah panjenengan.
17 Menawi kepareng kula nyuwun
idin ndhèrèk langkung ing negari
panjenengan. Kula mboten badhé
sami ngidak-idak pategilan lan kebon
anggur panjenengan. Inggih mboten
badhé ngombé toya saking sumur
panjenengan. Kula badhé medal mergi
ageng kémawon, tanpa nyimpang ngiwa
utawi nengen, ngantos medal saking
tapel wates daérah panjenengan."
18 Nanging wong Édom mangsuli,
"Ora kena kowé liwat negaraku kéné.
Yèn kowé meksa, bakal dakpethukaké
nganggo pedhang."
19 Wangsulané wong Israèl, "Kula
namung badhé mlampah medal mergi

ageng kémawon, lan menawi kula
utawi raja-kaya kula ngombé ing sumur
panjenengan, kula sagah mbayar
menapa mesthinipun, angger kula dipun
parengaken langkung. Namung menika
panyuwun kula."
20 Nanging diwangsuli, "Ora kena!"
Malah wong Édom banjur metu nggawa
wong akèh lan ngajokaké tentarané
pisan.
21 Bareng wong Édom ora ngolèhaké
wong Israèl liwat ing daérahé kono,
wong Israèl banjur nyimpang dalan.
22 Bangsa Israèl nerusaké lakuné nganti
tekan Gunung Hor.
23 Ana ing sacedhaké tapel watesé
Édom kono Gusti Allah ngandika marang
Musa lan Harun,
24 "Harun arep Dakpundhut,
Dakklumpukaké karo para leluhuré,
mulané bakal ora mlebu ing negara sing
wis Dakjanjèkaké marang bangsa Israèl.
Sebab kowé wong loro wis keluputan,
nerak dhawuh-Ku ing sacedhaké tuk
Mériba.
25 Harun lan Èléazar, anaké, ajaken
munggah Gunung Hor.

26 Sandhangan kaimamané Harun
uculana, enggokna Èléazar. Harun banjur
bakal Dakpundhut ana ing kono."
27 Musa nuli nglakoni apa sing
didhawuhaké déning Allah. Wong telu
mau padha munggah ing Gunung Hor,
diawasaké déning wong Israèl kabèh.
28 Musa nguculi penganggoné Harun,
dienggokaké Èléazar, anaké, Harun
tinggal-donya ing pucaké Gunung Hor
kono. Musa lan Èléazar nuli mudhun
saka gunung mau.
29 Bareng weruh yèn Harun tinggal-
donya, wong Israèl kabèh padha nangisi;
lawasé petangisan nganti telung puluh
dina.

21 1 Arad mono sawijining kutha
ing tanah Kenaan sisih Kidul.
Bareng rajané kutha mau krungu yèn
bangsa Israèl arep teka liwat dalan
Atarim, bangsa Israèl banjur diserang
lan wong-wongé sawetara ditawan.
2 Wong Israèl banjur ngaturaké
janji marang Allah, unjuké, "Menawi
Pangéran marengaken kula saged
ngawonaken tiyang-tiyang menika,
kitha-kitha satiyangipun sedaya badhé
kula saosaken dhateng Paduka tanpa

sarat, sarta tiyang-tiyangipun badhé
kula tumpes sedaya."
3 Gusti Allah miyarsakaké panyuwuné
wong Israèl mau lan mbiyantu nelukaké
wong Kenaan. Wong Kenaan lan kutha-
kuthané ditumpes kabèh. Panggonan
kono banjur dijenengaké Horma.
4 Wong Israèl banjur lunga saka Gunung
Hor, menyang Teluk Akaba, maksudé
ngalang ngubengi tanah Édom. Nanging
sajroné mlaku entèk sabaré,
5 banjur padha muni-muni nyalahaké
Gusti Allah lan Musa, tembungé,
"Kénging menapa kula dipun bekta
medal saking tanah Mesir kapurih pejah
ing seganten wedhi menika. Ing ngriki
mboten wonten tedha; toya kanggé
ngombé inggih mboten wonten. Kula
sami bosen nedha tetedhan ingkang
rèmèh menika!"
6 Gusti Allah nuli nekakaké ula mandi
ing satengahé wong Israèl, nganti akèh
sing padha mati dicokot ula mau.
7 Wong Israèl nuli padha ngadhep
marang Musa lan matur, "Kula sampun
sami damel dosa nglepataken Gusti Allah
lan panjenengan. Samenika kula aturi
nyuwun dhateng Pangéran, supados

sawer-sawer menika kasingkirna saking
tengah kula." Musa banjur ndedonga
kanggo bangsa Israèl.
8 Gusti Allah nuli dhawuh marang
Musa gawé ula tiron saka tembaga lan
didhawuhi masang ing cagak. Saben
wong sing dicokot ula dikon mandeng
ula tembaga mau, supaya mari.
9 Musa banjur gawé ula tiron saka
tembaga, dipasang ing cagak. Saben
wong sing dicokot ula lan mandeng ula
tembaga mau banjur dadi waras.
10 Wong Israèl nuli nerusaké lakuné,
banjur pasang kémah ing kutha Obot.
11 Saka panggonan kono nuli ngalih
menyang tilasé kutha Abarim ing ara-ara
samun sawétané tanah Moab.
12 Banjur ngalih saka kono menyang
Lebak[n] Zèrèd.
13 Saka kono ngalih menèh menyang
panggonan saloré Kali Arnon, yakuwi
pesamunan sing ambané nganti tekan
tanahé wong Amori. (Kali Arnon kuwi
tapel watesé tanahé wong Moab karo
tanahé wong Amori.)

---

[n]Lebak: tanah ingkang andhap lan radin.

14 Mulané ing ‘Kitab Perangé Allah’ ana
tulisan: "Désa Wahèb, ing tanah Sufa lan
ing lebaké Kali Arnon,
15 lan lèrèng-lèrèngé lebak sing jembaré
nganti tekan désa Ar, sing ngener ing
tapel watesé tanahé wong Moab."
16 Saka kono padha ngalih menyang
Beèr panggonan sing ana sumuré. Ing
kono Allah ngandika marang Musa,
"Wong Israèl padha klumpukna, arep
Dakparingi banyu kanggo ngombé."
17 Ana ing kono wong Israèl padha
menyanyi mengkéné: "Sumur-sumur
padha etokna banyumu saiki, arep
dakpethuk karo memuji,
18 Sumur sing dikedhuk para putra raja,
dijerokaké déning para penggedhéné
bangsa, nganggo tekené keprabon, ya
tekené para penggedhé kedhaton." Saka
pesamunan kono wong Israèl banjur
ngalih menyang Matana,
19 saka kono menyang Nahalièl, banjur
menyang Bamot;
20 saka Bamot menyang lebaké wong
Moab, cedhak karo pucaké Gunung
Pisga, ngadhepaké segara wedhi.

21 Wong Israèl kirim utusan marang
Sihon, raja Amori, dikon matur
mengkéné,
22 "Kula nyuwun idin ndhèrèk langkung
ing negari panjenengan. Kula lan
raja-kaya kula mboten badhé nyimpang
saking mergi, ngidak-idak pategilan
lan kebon-kebon anggur, sarta ngombé
saking sumur-sumur panjenengan. Kula
namung badhé mlampah urut mergi
ageng, ngantos medal saking wilayah
panjenengan."
23 Nanging Raja Sihon ora ngidini
wong Israèl liwat ing wilayahé. Malah
nglumpukaké tentarané, banjur nglurug
menyang Yahas, ing pesamunan,
nyerang wong Israèl.
24 Nanging ing peprangan mau akèh
wong Amori sing mati. Wilayahé banjur
direbut lan dienggoni wong Israèl, saka
Kali Arnon tekan Kali Yabok, sing sisih
Lor, yakuwi tapel watesé tanahé wong
Amon, sing kuat.
25 Srana mengkono wong Israèl
nelukaké kutha-kuthané wong Amori
kabèh, uga Hèsbon lan kutha-kutha cilik
ing sakiwa-tengené. Wong Israèl banjur
padha manggon ing kono.

26 Hèsbon kuwi kutha krajané Raja
Sihon. Raja mau tau perang karo raja
Moab sing biyèn, lan ngrebut wilayahé
nganti tekan Kali Arnon.
27 Mulané pujangga padha duwé
kekidungan mengkéné: "Tekaa ana ing
Hèsbon, negarané Raja Sihon; kepéngin
aku nyipati, kutha iki didandani.
28 Tau kelakon ing kutha iki, tentara
Sihon murub kaya geni, gawé ludhes
kutha Ar, tanah Moab, pegunungan
saurute Kali Arnon padha dilalap.
29 Kowé wong Moab kena musibah!
Déwa Kamos sing koksembah! Kamos
téga wongmu dadi pengungsi, bojomu
ditawan raja Amori.
30 Nanging wis ludhes saiki turuné,
saka Hèsbon tekan Dibon saterusé, saka
Nasim tekan Nofah, cedhak Médeba,
lebur kabèh tinggal-donya."
31 Wong Israèl banjur manggon ing
tanahé wong Amori.
32 Sawisé mengkono Musa banjur akon
wong-wong golèk dalan sing becik dhéwé
kanggo nyerang kutha Yaézèr. Kutha
kuwi iya banjur direbut déning wong
Israèl, mengkono uga kutha cilik-cilik

ing sakiwa-tengené. Wong-wong Amori
ditundhungi lunga.
33 Saka kono wong Israèl lakuné ngener
ing kutha Basan. Og rajané wong Basan
methukaké karo nggawa tentarané,
banjur perang ing kutha Édrèi.
34 Pangandikané Allah marang Musa,
"Aja wedi karo Og. Wong kuwi
Dakulungaké marang kowé, sarakyaté
lan sanegarané. Tumpesen kaya
enggonmu numpes Raja Sihon lan
Hèsbon."
35 Og banjur dipatèni wong Israèl,
mengkono uga anak-anaké lan rakyaté
kabèh, ora ana sing kari. Tanah mau
banjur dienggoni déning wong Israèl.

22

1 Bangsa Israèl maju terus lan
masang kémah ing Lebak Moab,
sawétané Kali Yardèn, ing ngarepé kutha
Yérikho.
2 Nalika raja Moab, sing jeneng Balak
bin Zipor, krungu carané wong Israèl
nggempur wong Amori, lan cacahé wong
Israèl mau,
3 raja lan rakyaté padha wedi banget.
4 Wong Moab banjur kandha karo para
penggedhéné wong Midian, "Bangsa
Israèl kuwi ora suwé menèh bakal

numpes bangsa-bangsa kabèh sing ana
ing kiwa-tengen kita, kaya sapi sing
nyenggut ing pangonan." Mulané Raja
Balak
5 banjur ngirim utusan nimbali Biléam
bin Béor, sing manggon ing kutha Pétor,
cedhak karo Bengawan Éfrat lan marang
negara-negara sing klebu mitrané.
Utusan mau dikon kandha karo Biléam
mengkéné, "Ndadosna ing pamirsa, bilih
wonten setunggaling bangsa dhateng
saking tanah Mesir, tiyang-tiyangipun
sumebar wonten ing pundi-pundi.
Bangsa wau saged ndhatengaken
bebaya kanggé negari kula.
6 Cacahipun langkung ageng ketimbang
kaliyan bangsa kula. Mila, kula aturi
dhateng ngipat-ipati bangsa menika,
supados saged kula kawonaken sarta
kula tundhung saking negari kula. Kula
yakin bilih sinten ingkang panjenengan
berkahi, temtu badhé nampi berkah, lan
sinten ingkang panjenengan ipat-ipati
temtu badhé nampi paukuman."
7 Para penggedhéné wong Moab lan
wong Midian mau nuli padha budhal,
karo nggawa opahé Biléam, banjur

padha nemoni Biléam lan ngandhakaké
apa sing diwelingaké déning Raja Balak.
8 Biléam mangsuli, "Saénipun
panjenengan sami tilem ngriki kémawon.
Mbénjing-énjing kula badhé nyriyosaken
menapa ingkang kadhawuhaken déning
Pangéran dhateng kula." Para utusané
Moab mau iya banjur padha nginep ing
kono.
9 Gusti Allah banjur ngrawuhi Biléam
sarta ndangu, "Wong-wong sing padha
nginep ing omahmu kuwi sapa?"
10 Atur wangsulané Biléam, "Menika
utusanipun Raja Balak saking Moab,
saprelu mbekta pawartos,
11 bilih wonten setunggaling bangsa
dhateng saking Mesir, tiyang-tiyangipun
sumebar ing negari Moab ngriku.
Raja Balak ngersakaken supados kula
ngipat-ipati bangsa ingkang dhateng
saking Mesir wau, supados saged dipun
kawonaken lan dipun tundhung saking
ngriku."
12 Pangandikané Allah marang Biléam,
"Kowé aja mèlu mrana lan aja ngipat-
ipati wong Israèl, merga bangsa kuwi
wis Dakberkahi."

13 Ésuké Biléam ketemu menèh karo
para utusané Balak, banjur kandha,
"Panjenengan sami wangsul kémawon,
Gusti Allah mboten marengaken kula
tumut mrika kaliyan panjenengan."
14 Para utusan banjur padha mulih,
matur marang Balak, yèn Biléam ora
gelem mèlu mangkat bebarengan karo
para utusan.
15 Balak nuli kongkonan utusan liyané,
cacahé luwih akèh, lan pangkaté luwih
dhuwur ketimbang karo utusan sing
dhisik.
16 Para utusan mau banjur padha
mangkat nemoni Biléam, nggawa
piwelingé Balak mengkéné, "Kula suwun
sampun ngantos nampik panyuwun kula
rawuh ing Moab.
17 Panjenengan badhé kula caosi
épah kathah sanget, lan kula
badhé ngèstokaken sedaya dhawuh
panjenengan. Mangga kula aturi rawuh
lan ngipat-ipati bangsa menika."
18 Nanging Biléam mangsuli, "Senajan
kula dipun bayar mawi pérak lan emas
ingkang wonten ing kedhatonipun Balak
sedaya, kula mboten badhé nglawan
dhawuhipun Allah, sesembahan kula.

Senajan ing prekawis ingkang sepélé
pisan, kula mboten keconggah nglawan
dhateng Panjenenganipun.
19 Nanging prayogi menawi
panjenengan sami ngaso ing ngriki
sauntawis, kados para utusan ingkang
rumiyin. Kula kepéngin sumerep menapa
Allah kagungan dhawuh sanèsipun malih
dhateng kula."
20 Benginé Gusti Allah ngrawuhi Biléam
lan ngandika, "Wong-wong kuwi ngajak
kowé lunga. Wis mèlua. Mung waé,
kowé aja nindakaké apa-apa kejaba sing
Dakdhawuhaké marang kowé."
21 Ésuké Biléam ngabah-abahi[o] kuldiné,
banjur budhal karo para utusan menyang
Moab.
22 Bareng Biléam budhal, Gusti Allah
duka banget. Nalika Biléam lagi
nunggang kuldiné, ditutaké baturé
loro, Malaékaté Pangéran jumeneng,
ngadhang Biléam ing tengah dalan.
23 Bareng weruh Malaékat jumeneng
ing ngarepé karo ngasta pedhang ligan,[p]
kuldi mau karepé arep nyingkiri, mulané
banjur nyimpang metu tegalan. Nanging

---

[o]ngabah-abahi: makèhi.
[p]ligan: mboten dipun rangkani.

banjur digebugi déning Biléam, supaya
bali menèh ing dalan.
24 Nanging Malaékat mau banjur
jumeneng ing dalan sing ciyut, sing
kiwa-tengené ana témboké watu, ing
antarané kebon anggur.
25 Nalika kuldi mau weruh Malaékaté
Pangéran, banjur mlaku mèpèt ing
témbok watu, nganti sikilé Biléam
kebarut. Kuldiné nuli digebugi menèh.
26 Malaékaté Pangéran banjur saya
nyedhak, lan jumeneng ing panggonan
sing luwih ciyut banget, nganti wong
liwat ora bisa nyimpang ngiwa utawa
nengen.
27 Bareng weruh Malaékaté Pangéran
jumeneng ana ing ngarepé, kuldi mau
banjur ndhéprok. Biléam nepsu banget.
Kuldiné nuli digebugi menèh nganggo
tekené.
28 Gusti Allah banjur mbikak cangkemé
kuldi mau, wusana kuldi mau bisa
caturan. Clathuné kuldi mau marang
Biléam, "Kula nglampahi menapa déné
panjenengan gebagi ngantos rambah
ping tiga?"

29 Wangsulané Biléam, "Merga aku wis
kokgawé geguyon! Upama aku nyekel
pedhang, kowé mesthi wis dakpatèni!"
30 Wangsulané kuldi, "Menapa mboten
sampun dangu enggèn kula ngabdi
dados kuldi titihan panjenengan?
Menapa naté kula mbangkang dhateng
panjenengan?" "Ora tau," wangsulané
Biléam.
31 Gusti Allah nuli mbikak mripaté
Biléam, mula weruh Malaékaté Pangéran
jumeneng ing ngarepé ngasta pedhang
ligan. Biléam banjur sujud sumungkem
ing bumi.
32 Pangandikané Malaékat mau,
"Yagéné kuldimu kokgebugi nganti ping
telu? Tekaku arep nyegah, supaya kowé
aja sida lunga.
33 Begja déné kuldimu weruh Aku lan
minggir nganti ping telu. Yèn ora kowé
mesthi wis Dakpatèni, lan kuldimu
Dakslametaké!"
34 Atur wangsulané Biléam, "Kula
sampun nglampahi dosa. Kula mboten
mangertos, bilih Paduka jumeneng
wonten ing tengah mergi, nyegati
lampah kula. Menawi kula mboten

kepareng késah, kula badhé wangsul
kémawon."
35 Nanging Malaékaté Pangéran
ngandika, "Terusna lakumu, mèlua
wong-wong kuwi. Nanging poma, kowé
ora kena guneman yèn ora Dakdhawuhi."
Biléam nuli nerusaké lakuné karo para
utusané Balak.
36 Bareng Balak krungu yèn Biléam arep
teka, banjur mangkat methukaké ing Ar,
yakuwi sawijining kutha ing sapinggiré
Kali Arnon, ing tapel watesé Moab.
37 Pangucapé Balak marang Biléam,
"Kénging menapa panjenengan mboten
rawuh nalika kula aturi ingkang sepisan?
Menapa panjenengan nginten bilih kula
mboten saged nyaosi épah ingkang
murwat?"
38 Wangsulané Biléam, "Menika mboten
sisah dipun rembag. Cekakipun kula
sampun dumugi ngriki. Nanging kula
mboten kepareng gineman sakecap-
kecapa, menawi mboten angsal dhawuh
saking Gusti Allah."
39 Biléam banjur diajak menyang kutha
Huzot.
40 Ana ing kana Balak nyembelèh sapi
lan wedhus gèmbèl; dagingé salong

ana sing diwènèhaké Biléam lan para
penggedhé sing dadi kancané.
41 Ésuké Biléam digawa Balak menyang
Gunung Bamot Baal. Saka panggonan
kono Biléam bisa weruh bangsa Israèl
sapérangan.

23

1 Pangucapé Biléam marang
Balak, "Kula nyuwun dipun
damelaken mesbèh pitu lan nyuwun
dipun sedhiani lembu jaler pitu lan
ménda gèmbèl pitu."
2 Balak nglakoni apa sing dijaluk
Biléam. Biléam banjur nyaosaké kurban
rupa sapi lanang siji lan wedhus gèmbèl
lanang siji ana ing saben mesbèh.
3 Biléam kandha karo Balak, "Kula aturi
jumeneng celak kaliyan kurban obongan
menika. Kula badhé ndedonga, menapa
Gusti Allah kersa paring wangsit[q]
menapa mboten. Panjenengan badhé
kula aturi pirsa sedaya, ingkang dipun
ngandikakaken déning Pangéran dhateng
kula." Biléam banjur lunga dhèwèkan
munggah ing pucaking gunung.
4 Ana ing kono Gusti Allah ngrawuhi
Biléam. Aturé Biléam marang Allah,

[q]wangsit: pangandika ingkang nerangaken prekawis ingkang dèrèng kelampahan.

"Gusti, kula sampun ngedegaken
mesbèh pitu, sarta nyaosaken kurban
rupi lembu jaler setunggal, lan ménda
gèmbèl jaler setunggal ing saben
mesbèh."
5 Gusti Allah banjur paring dhawuh
apa sing kudu ditindakaké déning
Biléam. Biléam banjur didhawuhi bali
nemoni Balak, ngandhakna apa sing
didhawuhaké déning Allah.
6 Biléam banjur nemoni Balak, sing isih
ngadeg ing sacedhaké mesbèh, karo
para penggedhéné wong Moab kabèh.
7 Biléam banjur medhar wangsit
mengkéné: "Saka Aram, pegunungan
sisih Wétan kana, aku diundang Balak
raja ing Moab, tembungé, ‘Tekaa, aku
dongakna, Israèl ipat-ipatana!’
8 Apa aku bisa ngipat-ipati, yèn
Gusti Allah mberkahi? Apa aku bisa
ngalang-alangi, yèn Gusti Allah ngrujuki?
9 Saka gunung nggonku nyawang,
katon cetha gawang-gawang,[r] bangsa
pilihané Allah, ora tau sepi ing berkah.
10 Umat Israèl cacahé kaya lebu, sapa
bisa ngétung iku? Yèn wis tekan ajalku,
kapundhuta kaya umatmu, miturut ing

---

[r]gawang-gawang: wéla-wéla.

sabdané Allah, patiku bakal klawan
sumarah."
11 Balak banjur kandha karo Biléam,
"Kokmekaten criyos panjenengan
dhateng kula? Mangka panjenengan
malah mberkahi piyambakipun."
12 Wangsulané Biléam, "Kula namung
saged ngucapaken menapa ingkang
kadhawuhaken déning Pangéran."
13 Balak kandha karo Biléam, "Mangga
kita késah dhateng panggènan sanès.
Saking ngriku panjenengan badhé pirsa
sapérangan alit kémawon saking bangsa
menika. Lajeng kula aturi ngipat-ipati
bangsa menika."
14 Biléam banjur diajak menyang Sofim,
pucuké Gunung Pisga. Ana ing kono
Biléam ngedegaké mesbèh pitu lan ing
saben mesbèh nyaosaké kurban rupa
sapi lanang siji lan wedhus gèmbèl
lanang siji.
15 Kandhané Biléam marang Balak,
"Kula aturi tengga sauntawis wonten
ing ngriki, sacelakipun kurban menika,
kula badhé késah sekedhap ndedonga
dhateng Pangéran."
16 Gusti Allah rawuh, manggihi Biléam
menèh lan ndhawuhaké apa sing kudu

dikandhakaké déning Biléam. Biléam nuli
didhawuhi nyritakaké marang Balak, apa
sing dingandikakaké déning Pangéran.
17 Biléam banjur nemoni Balak, sing isih
ngadeg ing sacedhaké mesbèh karo para
penggedhéné Moab. Balak takon apa
sing dingandikakaké déning Pangéran.
18 Biléam banjur medhar wangsit
mengkéné: "Balak bin Zépor, majua
mréné, rungokna pawartané!
19 Allah dudu manungsa sing seneng
dora,[s] lan gampang sulaya. Yèn Allah
janji, mesthi ditetepi. Yèn ngandika
mesthi nyata.
20 Aku didhawuhi mberkahi, mangka
yèn Allah mberkahi, ora bisa diungkiri.
21 Daksawang Israèl bakal menang,
ora ana sing bisa nyegah, merga
sing disembah mung Allah. Menyanga
endi parané, Allah ngetutaké, tansah
diwartakaké, yèn Allah iku Rajané.
22 Saka Mesir diirid déning Pangéran,
yèn perang kaya banthèng alasan.
23 Daya gaib, ilmu peteng, dhukun
ampuh, ora mempan malah lumpuh,

---

[s]dora: goroh.

nglawan bangsa sing kalok,[t] dijangkung
Allah klawan élok.
24 Bangsa kuwi kaya singa sekti,
mungsuhé ditubruk, getihé diombé. Yèn
mungsuhé durung mati, durung lèrèn
panglawané."
25 Kandhané Balak marang Biléam,
"Menawi panjenengan mboten kersa
ngipat-ipati bangsa Israèl, inggih
sampun, sauger mboten mberkahi
piyambakipun!"
26 Wangsulané Biléam, "Kula rak
sampun matur sadèrèngipun, bilih kula
kedah nglampahi sadhawuhipun Allah
dhateng kula?"
27 Kandhané Balak, "Mangga kita sami
pindhah panggènan. Sinten ngertos Allah
marengaken panjenengan ngipat-ipati
tiyang Israèl ing panggènan sanès."
28 Biléam banjur diajak menyang
pucaké Gunung Péor sing ngadhepaké
segara wedhi.
29 Kandhané Biléam marang Balak,
"Kula aturi ngedegaken mesbèh pitu ing
panggènan menika, sarta nyawisaken
lembu jaler pitu lan ménda gèmbèl jaler
pitu."

---

[t]kalok: misuwur, kondhang.

30 Balak nindakaké apa sapenjaluké
Biléam. Biléam banjur caos kurban ing
saben mesbèh rupa sapi lanang siji lan
wedhus gèmbèl lanang siji.

24 1 Saiki Biléam wis ngerti yèn
kersané Gusti Allah kuwi Biléam
supaya mberkahi bangsa Israèl. Mulané
ora lunga neges marang kersané Allah
kaya sing uwis-uwis. Biléam ngawasaké
pesamunan,
2 nuli weruh palèrènané bangsa Israèl
sing padha masang kémahé miturut
turun lan taleré dhéwé-dhéwé. Rohé
Pangéran nuli ngwaosi Biléam,
3 mulané Biléam banjur medhar wangsit
mengkéné: "Iki Biléam bin Béor, awèh
tandha, wong wicaksana awèh pawarta.
4 Aku diparingi krungu sabdané Allah
sing lugu. Klawan mata tinarbuka, aku
weruh wahyuné Allah Kang Mahakwasa.
5 Kémah-kémahé katon apik, hé Yakub,
iya papan padununganmu, hé Israèl.
6 Kaya lebak kang gumelar, kaya
taman ing pinggir kali, kaya wit gaharu[u]

---

[u]gaharu: namanipun kajeng, ingkang ambetipun wangi sanget; kacampur kaliyan blendok mur lan ratus dados borèh, kanggé mborèhi layon. (mirsani Yoh. 19:38-40).

sing ditandur Pangéran, kaya wit èrès
cedhaké pancuran.
7 Wiji subur thukul ing lemah, udané
akèh, banyuné murah. Ratuné unggul,
ora ana tandhingé amba tanah jajahané.
8 Allah ngirid lakuné, saka Mesir asalé,
kaya banthèng perangé, nglawan
mungsuhé. Mungsuhé diuntal malang,
disuwèk, diremuk balungé, panahé
dicoklèk.
9 Bangsa kuwi kaya singa prakosa,
yèn njerum, sapa wani nggodha? Sing
mberkahi dhèwèké, olèh rahmat, sing
nyepatani olèh laknat."
10 Balak nepsu banget karo getem-
getem ngepel tangané, tembungé
marang Biléam, "Panjenengan kula
undang mriki supados ngipat-ipati
mengsah kula menika, jebul malah
panjenengan berkahi ngantos kaping
tiga!
11 Samenika ugi panjenengan kedah
késah saking ngriki! Kula sampun janji
badhé nyawisi opah, nanging Allah
mboten marengaken panjenengan
nampèni opah menika."

12 Wangsulané Biléam, "Kula rak
sampun criyos dhateng para utusan
panjenengan,
13 bilih, senajan panjenengan badhé
nyukani sedaya selaka lan emas ingkang
wonten ing kedhaton panjenengan,
kula mboten badhé nglawan dhateng
dhawuhipun Pangéran lan nindakaken
pikajeng kula piyambak. Kula namung
saged nyariyosaken menapa ingkang
kadhawuhaken déning Pangéran dhateng
kula."
14 Biléam clathu marang Balak
mengkéné, "Samenika kula badhé
wangsul dhateng negari kula malih.
Nanging sadèrèngipun bidhal kula
kepéngin ngaturi pirsa bab menapa
ingkang mbénjing badhé panjenengan
alami saking bangsa Israèl menika."
15 Biléam banjur medhar wangsit
mengkéné: "Iki Biléam bin Béor, awèh
tandha, wong sidik awèh pawarta.
16 Sing kaparingan pangrungu
pangandikané Allah satuhu. Sing
kaparingan weruh kawruh luhung,[v]
digawé wadi ing Allah Mahaagung.

---

[v]luhung: luhur.

Klawan mata tinarbuka, dakdeleng
wahyuné Allah Kang Mahakwasa.
17 Dakdeleng Israèl ing mbésuké,
ana raja saka Israèl miyosé, kaya
lintang munculé, padhang cahyané,
penggedhéné bangsa Moab ditelukaké,
bangsa Sèt dikalahaké.
18 Édom mungsuhé disirnakaké, tanahé
direbut dadi duwèké, lestari karosané.
19 Mungsuhé entèk diidak mati, tan ana
siji sing kari."
20 Sawisé mengkono ing sajroning
wahyu Biléam weruh wong-wong
Amalèk. Mulané banjur meca mengkéné,
"Kabèh bangsa sajagad, Amalèk dhéwé
sing hébat. Nanging akiré, ngalami uga
musna, sirna."
21 Sajroné wahyu mau Biléam uga
weruh anak-turuné Kain, temah
banjur meca mengkéné, "Kain sentosa
pemanggonmu, kaya susuh ing pucuk
gunung watu.
22 Nanging kowé wong Kèni, bakal
ditumpes sirna, diboyong Asyur, dadi
tawanan, digawa lunga."
23 Biléam banjur uga ngucap mengkéné,
"Saka Lor wong akèh padha teka, sapa
ta?

24 Iku wong Siprus teka numpak prau.
Wong Asyur lan wong Ébèr dilalap
bangsa mau, nanging akiré ora lawas,
uga ditumpes tanpa tilas."
25 Sawisé mengkono Biléam banjur
tata-tata lan budhal, mulih menyang
negarané. Semono uga Balak iya banjur
mulih.

25 1 Nalika bangsa Israèl lagi
masang kémah ing Lebak Sitim,
wong-wong lanang padha laku jina karo
wong wadon Moab, sing ana ing kono.
2 Wong-wong wadon mau padha ngajak
wong Israèl mèlu ing kraméan gawé
kurban ngurmati para déwané wong
Moab. Ing kono wong Israèl uga mèlu
mangan lan mèlu nyembah Déwa Baal,
3 ing Gunung Péor. Gusti Allah banjur
duka banget,
4 pangandikané marang Musa, "Para
penggedhéné Israèl cekelen kabèh lan
gantungen ana ing ngarsané Allah lan ing
ngarepé wong akèh, supaya dedukané
Allah sing ngalad-alad marang bangsa
iki sirep."
5 Musa banjur préntah marang para
hakim ing Israèl mengkéné, "Saben

wong ing talermu sing nyembah marang
Baal kudu kokpatèni."
6 Nalika Musa lan umat Israèl kabèh
lagi padha nglumpuk nangis ing ngarepé
lawang Kémah Suci, dumadakan ana
wong lanang nggawa wong wadon Midian
mlebu ing kémahé.
7 Bareng Pinéhas, anaké Èléazar, putuné
Imam Harun, weruh sing mengkono
mau, nuli ninggal wong-wong sing
nglumpuk mau, banjur njupuk tumbak,
8 lan ngoyak wong lanang wadon sing
mlebu ing kémah mau. Wong loro mau
ditumbak wetengé nganti tembus. Srana
anané lelakon mau paukuman sing wiwit
mrèmèn sirep.
9 Nanging merga paukuman mau wong
24.000 padha mati.
10 Gusti Allah banjur ngandika marang
Musa,
11 "Pinéhas anaké Èléazar, putuné
Imam Harun, ora seneng ndeleng
wong nyembah marang allah liyané
Aku. Mulané Aku bakal ora duka
marang bangsa iki menèh, lan ora arep
Daktumpes.

12 Kandhaa marang Pinéhas, yèn Aku
bakal gawé prejanjian karo dhèwèké
kanggo ing selawasé.
13 Pinéhas lan anak-turuné ditetepna
dadi imam ing selawas-lawasé, merga
enggoné ora seneng marang wong
sing nyembah marang allah liyané Aku.
Mulané dosané umat Israèl Dakapura."
14 Wong Israèl sing dipatèni bareng
karo wong wadon Midian mau jenengé
Zimri, anaké Salu, wis duwé brayat;
wong mau saka taler Siméon.
15 Déné wongé wadon jenengé Kozbi,
anaké Zur, kepalané salah sawijining
golongan turun-Midian.
16 Gusti Allah dhawuh marang Musa,
17 "Wong Midian kuwi gempuren lan
tumpesen,
18 merga ala atiné lan wis ngapusi kowé
ing Péor kaé."
26 1 Bareng paukumané wis sirep,
Gusti Allah ngandika marang
Musa lan Èléazar, anaké Imam Harun,
2 "Kowé nganakna cacah jiwa ing Israèl,
manut brayaté dhéwé-dhéwé. Wong
lanang sing umur rong puluh taun
munggah, sing bisa dadi tentara kudu
kokcathet."

3 Musa lan Èléazar nuli padha tumindak.
Kabèh wong lanang sing umuré rong
puluh taun munggah diundang, banjur
diklumpukaké ing tanah ngaré Moab, ing
sisih wétané Kali Yardèn, cedhak kutha
Yérikho. Iki wong-wong sing metu saka
tanah Mesir:
4 (26:3)
5 Saka taler Rubèn (anak pembarepé
Yakub) turun-Hénoh, turun-Palu,
6 turun-Hézron lan turun-Karmi.
7 Cacahé wong lanang saka turun-turun
mau 43.730.
8 Sing saka turun-Palu: Éliab,
9 lan anak-anaké Éliab yakuwi: Nemuèl,
Datan lan Abiram. Datan lan Abiram kuwi
sing dipilih déning wong akèh nglawan
marang Musa lan Harun, banjur dadi
siji karo golongané Korah, mbrontak
marang Allah.
10 Lemah sing diidaki mlekah, mangap,
banjur nguntal wong-wong mau bareng
karo Korah sakanca-kancané; nalika
semana wong lanang sing mati cacahé
250, kebrangas ing geni. Kuwi kanggo
ngélingaké marang bangsa Israèl.
11 Anak-anaké Korah dhéwé ora katut
mati.

12 Saka taler Siméon: Turun-Némuèl,
Yamin, Yakin,
13 Zérah lan Saul.
14 Cacahé wong lanang saka turun-turun
mau 22.200.
15 Saka taler Gad: Turun-Zéfon,
turun-Hagi, turun-Suni,
16 turun-Ozni,
17 turun-Arod lan turun-Arèli.
18 Cacahé wong lanang saka turun-turun
kuwi 40.500.
19 Saka taler Yéhuda: Turun-Séla,
turun-Pèrès, turun-Zérah, turun-Hazon
lan Hamul. Anaké lanang Yéhuda: Èr lan
Onan wis mati ing tanah Kenaan.
20 (26:19)
21 (26:19)
22 Cacahé wong lanang saka turun-turun
kuwi 76.500.
23 Saka taler Isakar: Turun-Tola,
turun-Pua,
24 Yasub lan Simron.
25 Cacahé wong lanang saka turun-turun
mau 64.300.
26 Saka taler Zébulon: Turun-Sèrèd,
turun-Élon lan turun-Yaléèl.
27 Cacahé wong lanang ing turun kuwi
60.500.

28 Yusuf anaké lanang loro, taler
Manasyè lan taler Éfraim.
29 Saka taler Manasyè: Makir, anaké
Manasyè. Makir duwé anak Giléad.
Giléad nurunaké turun-turun:
30 Izèr, Hèlèk,
31 Asrièl, Sèkhèm.
32 Semida lan Hèfèr.
33 Zélaféhad, anaké Hèfèr, ora duwé
anak lanang, mung wadon thok.
Jenengé: Mahla, Noa, Hogla, Milka lan
Tirza.
34 Cacahé wong lanang ing turun-turun
mau 52.700.
35 Saka taler Éfraim: Turun-Sutélah,
turun-Bèker lan turun-Tahan.
36 Trah Éran kuwi anak-turuné Sutélah.
37 Cacahé wong lanang saka turun-turun
mau 32.500. Kuwi kabèh anak-turuné
Yusuf.
38 Saka taler Bènyamin: Turun-Béla,
turun-Asbèl, turun-Ahiram,
39 turun-Séfufam lan turun-Hufam.
40 Turun-Arèd lan turun-Naaman, kuwi
anak-turuné Zéla.
41 Cacahé wong lanang saka turun-turun
mau 45.600.
42 Saka taler Dhan: Turun-Suham;

43 Cacahé wong lanang saka turun mau
64.400.
44 Saka taler Asyèr: Turun-Yimna, Yiswi
lan Béria.
45 Turuné Hèbèr lan turuné Malkièl kuwi
anak-turuné Béria.
46 Asyèr duwé anak wadon jenengé
Sérah.
47 Cacahé wong lanang saka turun-turun
kuwi 53.400.
48 Saka taler Naftali: Turun-Yahzéèl,
Guni,
49 Yézèr lan Silèm.
50 Cacahé wong lanang saka turun-turun
mau 45.400.
51 Cacahé wong lanang ing Israèl kabèh
ana 601.730.
52 Pangandikané Gusti Allah marang
Musa,
53 "Tanah Kenaan iki dumen marang
taler-taler ing Israèl miturut gedhé ciliké
taler-taler mau.
54 Carané ngedum-edum srana undhi.
Taler sing gedhé wènèhana panduman
lemah sing amba, taler sing cilik
pandumané ciyut."
55 (26:54)
56 (26:54)

57 Sing klebu taler Lèwi yakuwi turun-
Gèrson, turun-Kéhat lan turun-Mérari.
58 Klebu uga turun-Libni, turun-Hébron,
turun-Mahli, turun-Musi lan turun-Korah.
Kéhat kuwi bapakné Amram,
59 sing kawin karo anaké wadon Lèwi,
sing jenengé Yokebèd. Lairé ing tanah
Mesir. Amram karo Yokebèd duwé anak
lanang loro yakuwi Harun lan Musa, lan
anak wadon jeneng Miryam.
60 Harun duwé anak lanang papat,
yakuwi: Nadab, Abihu, Èléazar lan
Itamar.
61 Nadab lan Abihu mati nalika ngobong
dupa nganggo geni sing ora dipilih
déning Allah.
62 Cacahé wong lanang saka taler Lèwi
23.200. Jenengé padha dicathet dhéwé,
kapisah karo cathetané umat Israèl
liyané, merga padha ora olèh panduman
lemah ing Israèl.
63 Kaya mengkono cathetan sing
digawé déning Musa lan Èléazar bab
turun-turuné Israèl, nalika nganakaké
cacah jiwa ing tanah ngaré Moab,
sawétané Kali Yardèn, cedhak kutha
Yérikho.

64 Wong-wong sing dicacah jiwa déning
Musa lan Harun ana ing pesamunané
pegunungan Sinai, ora ana siji waé sing
isih urip.
65 Gusti Allah wis ngandika, yèn
wong-wong mau kabèh bakal mati ing
pesamunan, lan iya pancèn mengkono,
kabèh wis padha mati, kejaba Kalèb,
anaké Yéfuné, lan Yosua anaké Nun.

27

1 Anaké wadon Zélaféhad ana
lima, yakuwi: Mahla, Noa, Hogla,
Milka lan Tirza. Zélaféhad anaké Hèfèr,
Hèfèr anaké Giléad, Giléad anaké Makir,
Makir anaké Manasyè, lan Manasyè
anaké Yusuf.
2 Wong wadon lima, anaké Zélaféhad
mau padha ngadhep marang Musa lan
Èléazar, para penggedhé sarta umat
Israèl kabèh, sing lagi padha nglumpuk
ing lawangé Kémah Suci. Pangucapé,
3 "Bapak kula tilar ing pesamunan lan
mboten gadhah anak jaler. Piyambakipun
mboten tumut ing pembrontakanipun
Korah. Pejahipun mergi saking dosanipun
piyambak.
4 Nanging kénging menapa namanipun
bapak kula lajeng mboten kasebut
ing Israèl, namung mergi mboten

gadhah anak jaler? Kula sami nyuwun
dipun paringi siti pusaka ugi, kados
anak-anakipun sedhèrèk-sedhèrèkipun
bapak kula."
5 Musa banjur ngaturaké prekara mau
marang ngarsané Gusti Allah,
6 lan Gusti Allah banjur paring
wangsulan,
7 pangandikané, "Penjaluké anak-
anaké Zélaféhad kuwi wis samesthiné.
Mulané wènèhana lemah pusaka kaya
anak-anaké seduluré bapakné. Warisan
sing dadi haké Zélaféhad mau kudu
diturunaké marang anak-anaké wadon.
8 Umumna marang umat Israèl, yèn
samasa ana wong mati ora ninggal
anak lanang, bandhané kudu diwarisaké
marang anaké wadon.
9 Yèn ora duwé anak wadon, kudu
diwarisaké marang seduluré lanang.
10 Yèn ora duwé sedulur lanang, kudu
diwarisaké marang sedulur-seduluré
bapakné.
11 Yèn ora duwé sedulur lanang utawa
paman, warisané dadi haké sing cedhak
dhéwé. Prenatan iki dadia dhasar
sing kudu ditindakaké ing Israèl. Aku,

Pangéran sing ndhawuhaké iki marang
kowé."
12 Pangandikané Allah marang Musa,
"Munggaha ing Gunung Abarim, lan
ndelenga saka kana negara sing bakal
Dakparingaké marang bangsa Israèl.
13 Sawisé ndeleng negara mau, kowé
bakal Dakpundhut kaya sedulurmu
Harun,
14 merga ing segara wedhi Zin kowé
lan Harun wis mbangkang marang
dhawuh-Ku. Nalika rakyat kabèh ing
Mériba padha nyalahaké Aku, kowé
ora padha kandha marang rakyat, yèn
mung Allah piyambak sing kagungan
pangwasa." (Mériba iku tuk ing Kadès,
ing segara wedhi Zin.)
15 Musa banjur ndedonga,
16 "Dhuh Allah, ingkang paring gesang
dhateng sedaya tumitah. Kersaa
nedahaken sinten tiyangipun ingkang
badhé kakersakaken ngirid bangsa
menika,
17 tiyang ingkang saged dados sénapati
samasa perang. Sampun ngantos
Paduka négakaken umat menika kados
pepanthan ménda ingkang tanpa
pangèn."

18 Pangandikané Allah marang Musa,
"Nimbalana Yosua bin Nun. Kuwi wong
sing kanggonan Roh. Sirahé tumpangana
tangan.
19 Dhawuhana ngadeg ing ngarepé
Imam Èléazar lan umat Israèl kabèh.
Kowé ngumumna ing ngarepé wong
mau kabèh yèn Yosua kuwi sing ngganti
kowé.
20 Pasrahna sapérangané pangwasamu
marang dhèwèké, supaya umat Israèl
nurut marang préntahé.
21 Yosua kudu ngadhep karo Imam
Èléazar, lan Èléazar bakal nyuwun pirsa
marang Aku bab kersa-Ku nganggo
Urim lan Tumim. Srana cara mengkono
Èléazar bakal nuntun marang Yosua lan
umat Israèl kabèh, ing sakèhing prekara
sing diadhepi."
22 Musa ngèstokaké apa sing
didhawuhaké déning Pangéran mau.
Yosua banjur dikon ngadeg ing ngarepé
Imam Èléazar lan umat Israèl kabèh.
23 Kaya sing didhawuhaké déning
Pangéran, Musa uga numpangaké
tangané ing sirahé Yosua lan ngumumaké
yèn Yosua kuwi dadi gantiné Musa.

28

1 Gusti Allah ndhawuhi marang
Musa,
2 maringaké prenatan mengkéné
marang bangsa Israèl, "Ing wektu-wektu
sing wis ditemtokaké, kowé kudu padha
nyaosaké kurban dhaharan sing gawé
renaning penggalihé Allah.
3 Kurban dhaharan sing kudu
koksaosaké kuwi mengkéné: Kanggo
kurban dhaharan pedinan cempé wedhus
gèmbèl lanang loro, umur setaun lan ora
cacad.
4 Cempé sing siji kanggo kurban ésuk,
sing sijiné kanggo kurban soré.
5 Bareng karo saben kurban cempé
mau kudu disaosaké uga glepung seliter,
dicampur karo lenga zaitun sing apik
dhéwé seliter.
6 Kurban pedinan mau kudu diobong
nganti entèk. Kurban dhaharan sing
kapisan kuwi disaosaké ing Gunung
Sinai. Gandaning kurban mau gawé
renaning penggalihé Allah.
7 Bareng karo kurbaning cempé sing
kapisan kudu disaosaké uga kurban
anggur seliter, sing kudu disiramaké ing
mesbèh.

[8] Soréné, kurban sing kapindho,
kudu disaosaké carané kaya kurban
ésuk, dibarengi kurban anggur. Kurban
mau uga disebut kurban dhaharan.
Gandaning kurban kuwi gawé renaning
penggalihé Pangéran."
[9] "Ing dina Sabbat kudu disaosaké
kurban cempé wedhus gèmbèl lanang
umur setaun, sing ora cacad, glepung
gandum rong kilogram, dicampur karo
lenga zaitun, kanggo kurban dhaharan
lan kurban anggur.
[10] Kurban obongan kuwi kudu disaosaké
saben dina Sabbat; ditambahaké ing
kurban pedinan sing ajeg, sing dibarengi
karo kurban anggur."
[11] "Saben tanggal kapisan kudu
disaosaké kurban konjuk marang Allah,
rupa: sapi nom lanang loro, wedhus
gèmbèl lanang siji, cempé wedhus jawa
lanang umur setaun pitu, kabèh kudu
tanpa cacad.
[12] Kurbané dhaharan sing kudu
disaosaké rupa: glepung sing dicampur
karo lenga zaitun; glepungé kanggo
sapi lanang siji telung kilogram; kanggo
wedhus jawa lanang glepungé rong
kilogram,

13 lan kanggo saben cempé lanang siji
glepungé sekilogram. Kurban obongan
mau gandané gawé renaning penggalihé
Pangéran.
14 Kurban anggur sing kudu disaosaké
bebarengan karo kurban obongan kuwi
mengkéné: kanggo saben sapi lanang
siji anggguré rong liter; kanggo wedhus
jawa lanang, karotengah liter, lan
kanggo saben cempé gèmbèl, angguré
seliter. Mengkono kuwi prenatané kurban
obongan sing kudu disaosaké pendhak
sasi tanggal siji. Prenatan mau kanggo
saben taun.
15 Kejaba kuwi saben kurban obongan
sing dibarengi karo kurban anggur kudu
disaosaké uga wedhus jawa lanang siji,
kanggo kurban pangruwating dosa."
16 "Saben sasi kapisan, tanggal
patbelas, kowé kudu padha ngriayakaké
Paskah kanggo ngurmati Allah.
17 Riaya kuwi kawiwitan tanggal limalas,
suwéné pitung dina. Sajroné pitung
dina kuwi kowé mung kena mangan roti
tanpa ragi.
18 Ing dina kapisan kowé kudu padha
nglumpuk nindakaké ibadah, lan ora
kena nglakoni pegawéan apa-apa.

19 Saosna kurban obongan, yakuwi
kurban dhaharan marang Allah rupa:
sapi lanang loro, wedhus gèmbèl lanang
siji, lan cempé gèmbèl lanang umur
setaun pitung iji, kabèh kudu tanpa
cacad.
20 Kurbané dhaharan kudu rupa:
glepung sing dicampuri lenga zaitun
telung kilogram saben sapi siji, lan rong
kilogram saben wedhus lanang,
21 lan sekilogram kanggo saben cempé
lanang.
22 Saosna uga kurban wedhus lanang
siji kanggo kurban pangruwating dosa.
Srana cara mengkono kowé padha
nindakaké upacara kanggo keslametané
umat.
23 Kurban-kurban mau kabèh
tambahané kurban pedinan sing
disaosaké ing wayah ésuk.
24 Mengkono uga sajroné pitung dina
kowé padha nyaosna kurban dhaharan,
carané padha karo ing ndhuwur mau.
Kurban kuwi katambahaké ing kurban
obongan pedinan lan kurban anggur.
Gandané kurban mau gawé renaning
penggalihé Allah.

25 Ing dina kapituné kowé kudu padha
ngumpul menèh nindakaké ibadah lan
aja nglakoni pegawéan apa-apa."
26 "Ing Riaya Panèn, dina kang kapisan,
yèn kowé padha nyaosaké gandum
kawitan, sing kokenèni konjuk marang
Allah, kowé kudu padha ngumpul
nindakaké ibadah, lan aja nglakoni
pegawéan apa-apa.
27 Nyaosna kurban obongan, sing
gandané gawé renaning penggalihé
Allah, rupa: sapi lanang loro, wedhus
gèmbèl lanang siji lan cempé gèmbèl
pitu umur setaun, kabèh kudu tanpa
cacad.
28 Padha nyaosna kurban dhaharan
kaya sabené, yakuwi glepung gandum
dicampur karo lenga zaitun, telung
kilogram kanggo saben sapi lanang, rong
kilogram kanggo wedhusé lanang,
29 lan sekilogram kanggo saben cempé
gèmbèl.
30 Saosna uga kurban rupa wedhus
lanang siji kanggo kurban keslametané
umat.
31 Kurban-kurban mau lan kurbané
anggur ditambahaké ing kurban-kurban
obongan lan kurban dhaharan pedinan."

29

1 Pendhak tanggal siji sasi kapitu,
kowé kudu padha ngumpul
nindakna ibadah, lan aja nglakoni
pegawéan apa-apa. Ing dina kuwi
slomprèt-slomprèt kudu diunèkaké.
2 Nyaosna kurban obongan konjuk
marang Allah, yakuwi: sapi lanang siji,
wedhus gèmbèl lanang siji, lan cempé
gèmbèl lanang umur setaun pitu, kabèh
kudu tanpa cacad. Gandané kurban kuwi
gawé renaning penggalihé Allah.
3 Nyaosna uga kurban dhaharan kaya
sabené, yakuwi glepung dicampur karo
lenga zaitun; kanggo kurban sapiné
lanang telung kilogram, kanggo wedhusé
gèmbèl lanang rong kilogram,
4 lan kanggo saben cempéné
sekilogram.
5 Uga saosna kurban rupa wedhus jawa
lanang kanggo kurban pangruwating
dosa. Srana cara mengkono kowé padha
nindakaké upacara keslametané umat.
6 Kurban-kurban mau tambahna
ing kurban obongan sing disaosaké
bebarengan karo kurban dhaharan rupa
gandum, saben sasi tanggal siji. Uga
tambahna ing kurban obongan sing
disaosaké bebarengan karo kurban

dhaharan lan kurban anggur. Gandané
kurban-kurban mau gawé renaning
penggalihé Allah.
7 Pendhak tanggal sepuluh sasi kapitu
kowé kudu padha ngumpul nindakaké
ibadah. Ing dina kuwi kowé kudu padha
pasa lan ora kena nyambut-gawé.
8 Nyaosna kurban obongan konjuk
marang Allah, rupa: sapi lanang nom siji,
wedhus gèmbèl lanang siji lan cempé
gèmbèl lanang umur setaun pitu, kabèh
kudu tanpa cacad. Gandané kurban mau
gawé renaning penggalihé Pangéran.
9 Saosna kurban dhaharan rupa gandum
sing dicampur karo lenga zaitun; kanggo
kurban sapi lanang telung kilogram,
kanggo kurban wedhus gèmbèl lanang
rong kilogram,
10 lan kanggo saben cempé gèmbèl
sekilogram.
11 Kejaba wedhus sing dienggo kurban
ing upacara pangruwating dosané umat,
iya saosna wedhus jawa lanang siji
kanggo kurban keslametaning umat.
Kurban obongan pedinan lan kurban
dhaharan sarta kurban anggur, iya kudu
kasaosaké ing dina mau.

12 Pendhak tanggal limalas sasi kapitu
kowé kudu padha ngumpul nindakaké
ibadah kanggo ngurmati Allah. Kowé
kudu padha nganakaké keraméan
suwéné pitung dina. Sajroné pitung dina
mau kowé aja nyambut-gawé.
13 Ing dina sing kapisan kowé padha
nyaosna kurban dhaharan konjuk ing
Pangéran, rupa: sapi lanang nom telulas,
wedhus gèmbèl lanang loro, cempé
gèmbèl lanang umur setaun patbelas,
kabèh kudu tanpa cacad. Gandané
kurban mau gawé renaning penggalihé
Pangéran.
14 Saosna uga kurban dhaharan kaya
sabené rupa glepung gandum dicampur
karo lenga zaitun, kanggo kurban sapi
lanang siji telung kilogram, lan kanggo
saben kurban wedhus gèmbèl lanang
rong kilogram,
15 lan kanggo saben cempé gèmbèl
sekilogram. Bareng karo kurban
dhaharan mau saosna uga kurban
anggur miturut sing wis katetepaké.
16 Kejaba kuwi kowé uga kudu nyaosaké
kurban wedhus lanang siji dadi kurban
pangruwating dosa. Kurban kuwi

katambahaké ing kurban pedinan, lan
kurban dhaharan sarta kurban anggur.
17 Ing dina sing kapindho padha
nyaosna kurban rupa sapi lanang nom
rolas iji, wedhus gèmbèl lanang loro, lan
cempé gèmbèl umur setaun patbelas iji;
kabèh kudu tanpa cacad.
18 Bebarengan karo kurban-kurban mau
kudu uga kasaosaké sakèhing kurban
liyané sing katetepaké kanggo dina
kapisan.
19 (29:18)
20 Ing dina kateluné nyaosna kurban
rupa: sapi lanang nom sewelas iji,
wedhus gèmbèl lanang loro, lan cempé
gèmbèl lanang umur setaun patbelas iji;
kabèh kudu tanpa cacad.
21 Bareng karo kurban-kurban mau
saosna sakèhé kurban liyané sing
katetepaké kanggo dina kapisan.
22 (29:21)
23 Ing dina kaping pat saosna kurban
rupa sapi lanang nom sepuluh lan
wedhus gèmbèl lanang loro lan cempé
gèmbèl lanang umur setaun patbelas,
kabèh kudu tanpa cacad.
24 Bareng karo kurban-kurban mau
kudu kasaosaké sakèhé kurban-kurban

liyané sing katetepaké kanggo dina
kapisan.
25 (29:24)
26 Ing dina kang kalima saosna kurban
rupa: sapi lanang nom sanga, wedhus
gèmbèl lanang loro, cempé gèmbèl
lanang umur setaun patbelas, kabèh
kudu tanpa cacad.
27 Bareng karo kurban-kurban mau
iya saosna kurban-kurban liyané sing
katetepaké kanggo dina kapisan.
28 (29:27)
29 Ing dina kanem saosna kurban rupa:
sapi lanang nom wolu, wedhus gèmbèl
lanang loro, lan cempé gèmbèl lanang
umur setaun patbelas, kabèh kudu tanpa
cacad.
30 Bareng karo kurban-kurban mau
kudu disaosaké kurban-kurban liyané
sing wis ditetepaké kanggo dina kapisan.
31 (29:30)
32 Ing dina kapitu saosna kurban rupa:
sapi lanang nom pitu, wedhus gèmbèl
lanang loro, cempé gèmbèl lanang umur
setaun patbelas, kabèh kudu tanpa
cacad.

33 Bareng karo kurban-kurban mau
kudu disaosaké kurban-kurban liyané
sing wis ditetepaké kanggo dina kapisan.
34 (29:33)
35 Ing dina kawolu kowé kudu
nglumpuk nindakaké ibadah lan ora kena
nyambut-gawé.
36 Saosna kurban konjuk ing ngarsané
Allah rupa kurban dhaharan, yakuwi
sapi lanang nom siji, wedhus gèmbèl
lanang siji, lan cempé gèmbèl lanang
umur setaun pitu, kabèh kudu tanpa
cacad. Gandané kurban-kurban mau
gawé renaning penggalihé Allah.
37 Bareng karo kurban-kurban mau
kudu disaosaké kurban-kurban liyané
sing wis ditetepaké kanggo dina kapisan.
38 (29:37)
39 Kaya mengkono prenatan-prenatané
bab kurban obongan, kurban dhaharan,
kurban anggur, lan kurban keslametan
sing kudu padha kasaosaké marang Allah
ing dina riaya, ing kraméan-kraméan
sing wis katetepaké. Kurban-kurban
mau katambahaké ing kurban-kurban
sing koksaosaké kanggo ngluwari janji
utawa kanggo ngaturaké panuwun.

40 Musa nerusaké marang umat Israèl
sakèhé prekara sing didhawuhaké déning
Allah.

30 1 Musa didhawuhi Gusti Allah
gawé prenatan-prenatan sing
diwènèhaké marang para penggedhéné
bangsa Israèl, mengkéné:
2 Yèn ana wong lanang ngucapaké
janji konjuk marang Allah, masrahaké
apa-apa marang Allah, utawa duwé
kesaguhan nyirik apa-apa, wong mau
kudu netepi janji mau, lan ora kena
disélaki utawa dibatalaké.
3 Yèn ana bocah wadon sing isih
saomah karo bapakné ngucapaké janji
arep nyaosaké apa-apa konjuk marang
Allah, utawa nyirik apa-apa, kudu netepi
janjiné mau kabèh,
4 senajan bapakné nalika krungu anaké
ngucapaké janjiné mau ora kandha
apa-apa.
5 Nanging yèn bapakné nalika krungu
anaké ngucapaké janji mau menging,
bocah wadon mau ora kecancang karo
janjiné. Gusti Allah bakal ngapura bocah
wadon mau, merga dipenging karo
bapakné.

6 Yèn ana prawan ngucapaké janji
embuh sing wis dipikir jero, utawa sing
tanpa dipikir; utawa yèn dhèwèké duwé
kesaguhan nyirik apa-apa, prawan mau
kecancang karo janjiné. Senajan prawan
mau banjur kawin, wong mau isih tetep
kecancang karo janjiné, semono mau
yèn bojoné nalika krungu janjiné mau,
ora kandha apa-apa.
7 (30:6)
8 Nanging yèn nalika krungu, banjur
menging bojoné njabel janjiné, wong
wadon kuwi ora kecancang karo janjiné.
Gusti Allah bakal paring pangapura.
9 Wong randha utawa wong wadon sing
wis pegatan, yèn ngucapaké janji utawa
saguh nyirik apa-apa, kudu netepi apa
sing dadi janjiné lan apa sing arep disirik
miturut janjiné.
10 Yèn ana wong wadon sing wis kawin
ngucapaké janji nyirik apa-apa, lan
nalika ngucapaké janji mau bojoné
krungu lan meneng waé, kudu netepi
apa sing dadi janjiné.
11 (30:10)
12 Nanging yèn bojoné nalika krungu
janjiné mau banjur menging marang
sing wadon, wong wadon mau ora

kecancang menèh karo janjiné. Gusti
Allah bakal ngapura wong wadon mau,
merga dipenging sing lanang.
13 Wong lanang wenang netepaké
utawa mbatalaké janji utawa janji sing
diucapaké déning bojoné.
14 Nanging yèn wong lanang mau nalika
krungu sing wadon ngucapaké janji ora
kandha apa-apa, wong wadon mau kudu
netepi janjiné. Sing lanang wis netepaké
janjiné, merga nalika krungu sing wadon
ngucapaké janji mau, sing lanang ora
kandha apa-apa.
15 Yèn ing tembé sing lanang mbatalaké
janjiné sing wadon, wong lanang kuwi
sing nyangga kaluputané.
16 Mengkono kuwi prenatan-prenatan
sing diparingaké déning Allah marang
Musa bab janji sing diucapaké déning
prawan utawa bocah wadon sing
manggon saomah karo bapakné, utawa
déning wong wadon sing wis kawin.

31 1 Gusti Allah ngandika marang
Musa,
2 dhawuhé, "Wong Midian walesen
merga penggawéné marang bangsa
Israèl. Sawisé kuwi kowé bakal
tinggal-donya."

3 Musa banjur kandha karo wong Israèl, "Padha siagaa ing perang nglawan bangsa Midian, tumpesen, merga penggawéné marang Allah.
4 Kanggo kepreluan mau, saben taler nyawisna prejurit sèwu."
5 Saben taler banjur milih wong sèwu, dadi kabèh ana wong rolas èwu sing arep mangkat perang.
6 Musa nguntapaké lakuné para prejurit mau. Sénapatiné Pinéhas, anaké Imam Èléazar. Pinéhas kuwi tugasé ngurusi barang-barang suci lan slomprèt-slomprèt sing dienggo awèh tandha nyasmitani umat.
7 Netepi dhawuhé Allah marang Musa, wong Israèl banjur nyerang wong Midian lan matèni wongé lanang kabèh.
8 Klebu uga raja lima yakuwi: Èwi, Rèkèm, Zur, Hur lan Réba. Biléam bin Béor uga mèlu dipatèni.
9 Wongé wadon lan anak-anaké padha ditawan. Kéwan raja-kaya sarta bandhané kabèh dirampas.
10 Kutha-kutha lan pedésan-pedésané diobong.

11 Sawisé mengkono wong Israèl nuli
nggawa barang-barang rampasan sarta
para tawanan lan kéwan-kéwan mau,
12 menyang ngarepé Musa, Èléazar lan
para penggedhéné Israèl. Nalika semana
wong Israèl lagi padha manggon ing
Lebak Moab, sacedhaké Kali Yardèn, ing
ngarepé kutha Yérikho.
13 Musa, Èléazar lan para penggedhéné
Israèl kabèh padha metu saka kémah
methukaké tentarané Israèl sing bali
saka peprangan.
14 Para perwira, para komandhan
batalion lan komandhan kompi sing bali
saka peprangan mau padha didukani
déning Musa.
15 Kandhané, "Yagéné wong wadon
Midian kokora kokpatèni?
16 Élinga, yèn wong-wong kuwi sing
padha nglakoni pirembugé Biléam,
padha mbujuk wong Israèl supaya
padha ninggal marang Allah! Lan kuwi
sing marakaké Gusti Allah nekakaké
paukuman marang Israèl!
17 Wis saiki patènana kabèh bocah
lanang lan wong wadon sing dudu
prawan.

18 Nanging kabèh sing isih prawan kena kokpèk.
19 Sebanjuré kowé kabèh sing wis matèni wong utawa nggepok mayit ora kena mlebu ing kémah nganti pitung dina lawasé. Ing dina katelu lan kapitu, kowé lan para wong wadon Midian kuwi kudu nganakaké upacara pasucèn.
20 Sandhangan lan apa waé sing digawé saka lulang, wulu wedhus utawa kayu, kudu disucèkaké miturut prenataning agama."
21 Èléazar banjar kandha karo wong-wong sing padha bali saka peprangan mau, "Gusti Allah maringaké marang Musa prenatan-prenatan mengkéné:
22 Sakèhé barang sing ora bisa kobong, kudu disucèkaké nganggo geni, kayata: emas, slaka, tembaga, wesi, timah putih lan timah ireng. Barang-barang liyané sing bisa kobong, kudu disucèkaké nganggo banyu.
23 (31:22)
24 Ing dina kapitu kowé kudu padha ngumbah sandhanganmu. Yèn wis mengkono kowé lagi dadi resik miturut prenatané agama, lan olèh mlebu ing kémah."

25 Pangandikané Gusti Allah marang
Musa,
26 "Kowé lan Èléazar sarta para
penggedhéné bangsa Israèl liyané,
kudu nacahaké barang-barang sing wis
dirampas, uga para tawanan lan kéwan.
27 Barang-barang mau dumen dadi loro
sing padha akèhé. Sing separo kanggo
para prejurit lan sing separo liyané
kanggo rakyat.
28 Sebanjuré minangka pisungsung
marang Allah, saben prejurit kudu
nyaosaké sapralimang atusé bagéané,
rupa wong tawanan, rupa sapi, kuldi,
wedhus gèmbèl, utawa wedhus jawa,
29 kuwi tampakna marang Imam
Èléazar minangka pisungsung khusus
konjuk marang Allah.
30 Déné bagéané rakyat saprasèketé
kudu disaosaké minangka pisungsung
khusus marang Allah, iya sing rupa
tawanan, utawa sing rupa sapi, kuldi,
wedhus gèmbèl lan wedhus jawa. Kuwi
tampakna marang wong Lèwi sing
ngurusi Kémah Suci."
31 Musa lan Èléazar banjur nindakaké
apa sing didhawuhaké déning Allah mau.

32 Kejaba barang-barang rampasan,
kabèh gunggungé mengkéné: wedhus
gèmbèl lan wedhus jawa: 675.000; sapi:
72.000; kuldi: 61.000; prawan 32.000.
33 (31:32)
34 (31:32)
35 (31:32)
36 Barang semono mau sing separo
diwènèhaké marang para prejurit,
yakuwi: wedhus gèmbèl lan wedhus
jawa 337.500. Saka cacah semono mau
675 dipisungsungaké marang Allah.
Sapi: 36.000, sing 72 dipisungsungaké
marang Allah. Kuldi: 30.500, sing
61 kanggo pisungsung marang Allah.
Prawan 16.000 sing 31 dipisungsungaké
marang Allah.
37 (31:36)
38 (31:36)
39 (31:36)
40 (31:36)
41 Pisungsung kabèh mau banjur
dipasrahaké déning Musa marang
Èléazar, minangka pisungsung khusus
konjuk marang Allah, miturut dhawuhé
Allah piyambak.
42 Pandumané rakyat padha akèhé
karo pandumané para prejurit. Wedhus

gèmbèl lan wedhus jawa: 337.500; sapi:
36.000; kuldi: 30.500; prawan 16.000.
43 (31:42)
44 (31:42)
45 (31:42)
46 (31:42)
47 Kaya sing didhawuhaké déning Allah,
Musa njupuk saprasèketé wong tawanan
lan kéwan, banjur ditampakaké marang
wong Lèwi sing padha nglakoni ayahan
ing Kémah Suci.
48 Para perwira sing padha dadi
komandhané tentara Israèl banjur padha
ngadhep marang Musa,
49 sarta lapur mengkéné, "Pak, kula
sampun ngétang sedaya prejurit, bala
kula piyambak-piyambak, lan ketitik
mboten wonten setunggal kémawon
ingkang tiwas.
50 Samenika kula badhé nyaosaken
barang emas-masan rupi gelang tangan,
gelang suku, sesupé, anting-anting lan
kalung ingkang kula rampas, konjuk
dhateng Allah minangka tebusan kanggé
nyawa kula sedaya, supados mbénjing
salajengipun kula sami dipun reksa."

51 Musa lan Èléazar banjur nampani
barang emas-masan mau, rupa
rerenggan.[w]
52 Pisungsungé para perwira mau
boboté kabèh mèh rong atus kilogram.
53 Déné para prejurit sing dudu perwira
sing iya padha ngrampas padha ngepèk
barang-barang mau kanggo awaké
dhéwé.
54 Musa lan Èléazar banjur nggawa
barang-barang mau disimpen ing Kémah
Suci, supaya Gusti Allah ngreksa marang
bangsa Israèl.

32 1 Taler Rubèn lan taler Gad
raja-kayané akèh banget. Bareng
weruh yèn tanah Yaézèr lan tanah Giléad
kuwi cocog kanggo miara raja-kaya,
2 wong-wong mau banjur padha
nemoni Musa lan Èléazar, sarta para
penggedhéné Israèl liyané. Kandhané,
3 "Kitha-kitha Atarot, Dibon, Yaézèr,
Nimra, Hèsbon, Eléalé, Sibma, Nébo
lan Béon menika saking berkahipun
Pangéran sampun dipun rebat lan dipun
enggèni déning bangsa Israèl. Tanah
menika cocog sanget kanggé ngingah

---

[w]rerenggan: perhiasan (bhs. Ind.).

raja-kaya. Gandhèng raja-kaya kula
kathah sanget,
4 (32:3)
5 kula nyuwun keparenga tanah menika
kaparingaken dados panduman kula.
Sampun ngantos kula kapurih pindhah
saking ngriki dhateng sabranging Lèpèn
Yardèn ingkang sisih Kilèn."
6 Wangsulané Musa, "Apa? Kowé
arep kèri ing kéné, mangka sedulur-
sedulurmu isih kudu perang terus?
7 Kokwani-wanimu medèn-medèni
bangsa Israèl nyabrang Kali Yardèn,
mlebu ing tanah sing wis diparingaké
déning Allah.
8 Bapak-bapakmu dhèk biyèn iya
mengkono, yakuwi nalika padha
dakkongkon ndlajahi tanah kuwi saka
kutha Kadès Barnéa.
9 Olèhé ndlajahi wis nganti tekan
Lebak Éskol lan wis ndeleng tanah mau.
Nanging bareng tekan ngomah padha
medèn-medèni wong Israèl, supaya aja
wani-wani mlebu ing tanah sing wis
diparingaké déning Pangéran marang
bangsa Israèl.
10 Nalika semana Gusti Allah banjur
duka banget sarta ngandika, ‘Wong-

wong iki padha ora setya marang Aku.
Mulané Aku sumpah, yèn wong sing
nalika metu saka tanah Mesir umuré
rong puluh taun munggah, ora bakal
mlebu ing tanah sing wis Dakjanjèkaké
marang Abraham, Iskak lan Yakub.’
11 (32:10)
12 Wong kabèh banjur ketiban ing
paukuman mau, kejaba Kalèb anaké
Yéfuné, wong Kénas kuwi, lan Yosua
anaké Nun, merga loro-loroné padha
setya marang Allah.
13 Gusti Allah iya banjur duka
banget marang bangsa Israèl, mulané
ditégakaké ngumbara ing ara-ara samun
patang puluh taun lawasé, supaya
wong-wong sing padha mbrontak
marang Panjenenganè wis padha mati
kabèh.
14 Lha apa saiki kowé iya arep padha
niru bapak-bapakmu. Yèn ngono
kowé kuwi dadi angkatan mudha sing
keblinger.[x] Srana penggawému sing
mengkono kuwi kowé bakal gawé
mulading dukané Gusti Allah marang
bangsa Israèl kabèh!

---

[x]keblinger: kesasar: klèntu lampahipun.

15 Yèn kowé wong-wong Rubèn lan
Gad, saiki uga ora gelem nurut marang
dhawuhé Allah, Allah bakal négakaké
bangsa Israèl ngumbara menèh
ing ara-ara samun, lan merga saka
pratingkahmu kuwi bangsa Israèl bakal
katumpes!"
16 Wong-wong Rubèn lan Gad nuli
padha nyedhaki Musa lan kandha
mengkéné, "Kula sami dipun parengna
ngedegaken kandhang-kandhang saking
séla kanggé ménda-ménda kula rumiyin,
lan bètèng-bètèng ing kitha-kitha kula
kanggé pengayomanipun anak-anak
kula.
17 Sesampunipun menika kula siaga
majeng ing peprangan, sesarengan
kaliyan sedhèrèk-sedhèrèk kula
sabangsa. Samasa majeng perang,
kula sedaya ingkang badhé dados
panuntunipun, ngantos sedaya taler
saged ngenggèni tanah pandumanipun
piyambak-piyambak. Selaminipun kula
sami nglampahi perang, kajengipun
anak-anak kula sami manggèn ing
ngriki, ing kitha-kitha ingkang sentosa,
supados mboten dipun serang déning
tiyang pribumi ing ngriki.

18 Kula mboten badhé wangsul dhateng
griya kula, ngantos tiyang Israèl
sedaya ngenggèni tanah pandumanipun
piyambak-piyambak.
19 Kula mboten badhé nyuwun
panduman siti sekedhik kémawon
ing sakilèning Lèpèn Yardèn, mergi
kula sampun nampi panduman siti ing
sawétanipun Lèpèn Yardèn."
20 Wangsulané Musa, "Yèn kandhamu
kuwi nyata metu saka rilané atimu, saiki
uga ana ing Kémah Suci kéné kowé
padha tata-tataa mangkat perang.
21 Kabèh wongmu sing bisa perang kudu
nyabrang Kali Yardèn. Allah piyambak
sing bakal ngirid lan kowé kabèh kudu
padha nyerang sakèhing mungsuh kita,
nganti Allah nelukaké,
22 lan ngrebut tanah iki. Yèn wis
mengkono kowé kabèh lagi padha kena
bali menyang omahmu, merga wis
padha nglakoni kuwajibanmu tumraping
Allah lan tumraping sedulur-sedulurmu
sabangsa.
23 Nanging diéling! Yèn kowé ora netepi
janjimu, kowé dosa marang Allah. Dadi
tumindakmu sing bener, supaya kowé
ora kena paukumané Allah.

24 Wis padha ngedegna kutha-kuthamu
lan kandhang-kandhangé wedhusmu.
Mung tansah padha élinga marang
janjimu!"
25 Wong Rubèn lan turun-Gad mau
nuli padha kandha, "Pak, kula sami
badhé nindakaken menapa ingkang
panjenengan dhawuhaken.
26 Anak sémah tuwin raja-kaya, lembu
lan ménda badhé sami kula tilar ing
kitha-kitha Giléad ngriki.
27 Nanging kula piyambak sami siaga
tumut perang, ingkang kairid déning
Pangéran piyambak. Kula sami badhé
nyabrang ing Lèpèn Yardèn lan badhé
sami tumut ing perang, kados ingkang
panjenengan ngandikakaken."
28 Musa nuli kandha karo Èléazar, Yosua
lan para penggedhéné bangsa Israèl,
mengkéné,
29 "Yèn wong turun-Gad lan Rubèn
padha ngèstokaké dhawuhé Allah lan
nyabrang ing Kali Yardèn mèlu perang,
lan yèn merga saka pambiyantuné kowé
kelakon bisa ngrebut tanah iki, poma
aja lali mènèhaké tanah Giléad dadi
pandumané wong turun-Gad lan Rubèn.

30 Nanging menawa wong-wong mau
padha ora nyabrang ing Kali Yardèn
lan mèlu perang karo kowé, kudu olèh
panduman ing tanah pusaka Kenaan
kuwi ora béda karo kowé kabèh."
31 Wangsulané wong turun-Gad lan
Rubèn, "Pak, kula badhé nindakaken
menapa ingkang dipun dhawuhaken
déning Pangéran.
32 Kula badhé sami nyabrang ing Lèpèn
Yardèn, mlebet ing negari Kenaan sarta
majeng ing perang ingkang kairid déning
Pangéran, supados kula sami saged
tetep tampi panduman kula ing sisih
wétaning Lèpèn Yardèn."
33 Musa banjur mandumi marang taler
Gad, taler Rubèn lan separoné taler
Manasyè kabèh tanah tilas wilayahé
Raja Sihon, yakuwi rajané wong Amori,
semono uga sing biyèn wilayahé Raja Og,
wong Basan, semono uga kutha-kutha
lan tanah ing sakiwa-tengené.
34 Taler Gad banjur mbangun kutha-
kutha sing wis rusak, yakuwi kutha
Dibon, Atarot, Aroèr,
35 Atarot Sofan, Yaézèr, Yogbéha,
36 Bèt-Nimra, lan Bèt-Haran.

37 Déné taler Rubèn mbangun menèh
kutha-kutha sing mauné wis rusak.
Yakuwi kutha-kutha Hèsbon, Eléalé,
Kiryataim,
38 Nébo, Baal Méon (jenengé kutha mau
diganti) lan Sibma. Kutha-kutha sing
dibangun menèh mau dijenengi anyar.
39 Turun-Makir, anaké Manasyè nyerang
wong Giléad, tanahé dienggoni lan
wong Amori sing padha ana ing kana
ditundhungi.
40 Mulané Musa mènèhaké tanah Giléad
mau marang wong-wong trah Makir;
wong-wong kuwi banjur padha tetep
manggon ing kono.
41 Yair saka taler Manasyè nyerang lan
ngrebut désa sawetara, sing dijenengaké
"Désa-désané Yair".
42 Nobah uga nyerang lan ngrebut
Kénat, sarta désa-désa sawetara; kutha
mau banjur dijenengaké Nobah, kaya
jenengé dhéwé.

33 1 Sawisé metu saka tanah
Mesir, bangsa Israèl lakuné
gegrombolan miturut taleré dhéwé-
dhéwé, diirid déning Musa lan Harun.
Lakuné mau nganggo lèrèn barang ing
panggonan sing wis ditetepaké.

2 Gusti Allah dhawuh marang Musa
supaya nyatheti panggonan-panggonan
sing dienggo lèrèn lan pasang kémah.
3 Bangsa Israèl enggoné metu saka
tanah Mesir mau nalika tanggal limalas,
sasi kapisan, sedina sawisé Paskah sing
kapisan. Metuné saka kutha Ramsès
dituntun déning Allah piyambak, lan
diseksèni déning wong Mesir,
4 sing lagi padha ngubur anaké sing
dipatèni déning Pangéran. Srana
mengkono Allah mbuktèkaké yèn
Panjenengané luwih unggul ketimbang
karo para déwané wong Mesir.
5 Bareng wis metu saka Ramsès bangsa
Israèl nuli lèrèn lan pasang kémah ing
Sukot.
6 Sawisé kuwi banjur lèrèn menèh ing
Étam, ing sapinggiré segara wedhi.
7 Saka kana bali menèh menyang
Pi-Hahirot, sawétané Baal Zéfon, banjur
pasang kémah ing sacedhaké Migdol.
8 Budhal saka Pi-Hahirot banjur
nyabrang Segara Teberau, lakuné ngener
ing segara wedhi Sur; sawisé mlaku
telung dina banjur lèrèn lan pasang
kémah ing Mara.

9 Saka kana padha nerusaké lakuné
menyang Élim, lan ana ing kana pasang
kémah, merga ing panggonan mau ana
tuké rolas lan wité kurma pitung puluh.
10 Banjur padha budhal saka Élim lan
lèrèn ing sacedhaké kutha Teluk Suèz.
11 Sawisé kuwi banjur lèrèn menèh ing
segara wedhi Sin.
12 Banjur pasang kémah ing sacedhaké
Dofka.
13 Sawisé kuwi ing Alus.
14 Banjur padha lèrèn, pasang kémah
ing Rafidim, nanging ana ing kono ora
ana banyu kanggo ngombé.
15 Saka Rafidim banjur mlaku menyang
Gunung Hor lan padha masang kémah
ing pesamunané pegunungan Sinai,
Kibrot-Taawa (utawa "Kuburané wong
srakah"), Hazérot, Ritma, Rimon-Pèrès,
Libna, Risa, Kéhélata, Gunung Séfar,
Haéada, Makélot, Tahat, Tarah, Mitka,
Hasmona, Mosérot, Béné-Yaakan, Hor-
Gidgad, Yodbata, Abrona, Ézion-Gèbèr,
segara wedhi Zin (yaiku Kadès) lan
Gunung Hor ing tapel watesé tanah
Édom.
16 (33:15)
17 (33:15)

18 (33:15)
19 (33:15)
20 (33:15)
21 (33:15)
22 (33:15)
23 (33:15)
24 (33:15)
25 (33:15)
26 (33:15)
27 (33:15)
28 (33:15)
29 (33:15)
30 (33:15)
31 (33:15)
32 (33:15)
33 (33:15)
34 (33:15)
35 (33:15)
36 (33:15)
37 (33:15)
38 Merga saka dhawuhé Pangéran, Imam Harun munggah Gunung Hor. Ana ing kono Imam Harun tinggal-donya, nalika tanggal siji, sasi kalima, taun kaping patang puluh, sapungkuré umat Israèl metu saka tanah Mesir. Nalika tinggal-donya umuré Harun satus telulikur taun.

39 (33:38)
40 Nalika semana Raja Arad sing
manggon ing tanah Kenaan sisih Kidul
krungu yèn lakuné bangsa Israèl ngener
ing negarané.
41 Saka Gunung Hor menyang Lebak
Moab lakuné lèrèn-lèrèn ing Zalmona;
Funon; Obot; tilasé kutha Abarim,
ing daérah Moab; Dibon-Gad; Almon-
Diblataim; Gunung Abarim, sacedhaké
Gunung Nébo, lan ing tanah ngaré Moab,
sacedhaké Kali Yardèn, sangarepé kutha
Yérikho, antarané Bèt-Yésimot lan Lebak
Sitim.
42 (33:41)
43 (33:41)
44 (33:41)
45 (33:41)
46 (33:41)
47 (33:41)
48 (33:41)
49 (33:41)
50 Ing tanah ngaré Moab kono,
sacedhaké Kali Yardèn, sangarepé kutha
Yérikho, Gusti Allah ngandika marang
Musa

51 supaya ngandhani bangsa Israèl
mengkéné, "Yèn kowé wis nyabrang Kali
Yardèn arep mlebu ing tanah Kenaan,
52 rakyaté negara kono kudu
koktundhungi kabèh. Brahala-
brahalané sing digawé saka watu
utawa barang pelikan, semono uga
panggonan-panggonan sing dienggo
nyembah brahala gempuren kabèh.
53 Tanah kuwi kudu kokrebut lan
kokenggoni, merga wis Dakparingaké
marang kowé.
54 Tanah mau nuli dumen karo para
taleré Israèl lan para turunané srana
undhi. Turun sing gedhé wènèhana
lemah pusaka sing amba, lan turun sing
cilik wènèhana tanah pusaka sig ciyut.
55 Yèn rakyat pribumi kono ora
koktundhungi, wong-wong mau bakal
tetep manggon ing kono lan bakal gawé
susahmu, dadi klilip ing mripatmu utawa
eri ing dagingmu. Merga bakal padha
nglawan perang marang kowé.
56 Yèn ora koktundhung, kowé dhéwé
sing bakal Daktumpes, ora béda karo
sing Dakrancang arep Daktindakaké
marang wong-wong mau."

34

1 Gusti Allah ngandika marang Musa
2 supaya ngandhani bangsa Israèl
mengkéné, "Ora suwé menèh kowé
bakal padha mlebu ing tanah Kenaan,
sing Dakparingaké marang kowé dadi
tanah pusaka. Tapel watesé tanah
Kenaan kuwi mengkéné:
3 Sisih Kidul, wiwit saka segara wedhi
Zin, urut tapel watesé tanah Édom.
Sing sisih Wétan wiwit saka pungkasané
Segara Mati, sing sisih Kidul,
4 ménggok mengidul ngener ing Dalan
Akrabim bablas tekan Zin nganti tekan
Kadès Barnéa ing sisih Kidul. Saka ing
kana ménggok ngalor ngulon tekan
Hazar-Adar, bablas tekan Azmon.
5 Saka taperl wates kono mau ménggok
menyang lebak, tapel watesé tanah
Mesir, banjur tekan Segara Tengah.
6 Segara Tengah kuwi tapel watesé
tanahmu ing sisih Kulon.
7 Sing sisih Lor, wiwit saka Segara
Tengah ngener ing Gunung Hor
8 lan saka ing kana ngener ing Dalan
Hamat, banjur bablas tekan Zedad,
9 lan menyang Zifron, nganti tekan
Hazar-Énan.

10 Tapel wates sisih Wétan, wiwit saka
Hazar-Énan menyang Séfan.
11 Saka kana meddhun menyang
Riblah, sawétané Ain, banjur bablas
tekan gunung-gunung ing pesisiré Tlaga
Galiléa sing sisih Wétan,
12 banjur mengidul sauruté Kali Yardèn
tekan Segara Mati. Kaya mengkono tapel
watesé tanahmu."
13 Musa banjur kandha karo bangsa
Isaraèl mengkéné, "Iki tanah sing
arep padha koktampa nganggo undhi,
tanah sing miturut dhawuhé Allah kudu
diedum-edum ing antarané taler-taler
sanga setengah ing Israèl.
14 Taler Rubèn lan taler Gad lan
sapéranganané taler Manasyè wis padha
tampa pandumané, lan tanah mau wis
padha diedum-edum ing antarané para
brayaté,
15 dunungé ing sawétané Kali Yardèn,
sangarapé kutha Yérikho."
16 Gusti Allah ngandika marang Musa,
17 "Sing kudu ngedum tanah ing
antaramu kuwi Imam Èléazar, lan Yosua
anaké Nun.

18 Saben taler kudu ngangkat
penggedhé sing mbiyantu Èléazar lan
Yosua ngedum tanah mau."
19 Wong-wong sing dipilih Allah yakuwi.
Taler-Penggedhé; Yéhuda-Kalèb bin
Yéfuné; Siméon-Samuèl bin Amihud;
Bènyamin-Èlidad bin Kislon; Dhan-Buki
bin Yogli; Manasyè-Hanièl bin Éfod;
Éfrayim-Kemuèl bin Siftan; Zébulon-
Alisafan bin Parnak; Isakar-Paltièl
bin Azan; Asyèr-Ahihud bin Sélomi;
Naftali-Pédaèl bin Amihud;
20 (34:19)
21 (34:19)
22 (34:19)
23 (34:19)
24 (34:19)
25 (34:19)
26 (34:19)
27 (34:19)
28 (34:19)
29 Kuwi wong-wong sing dadhawuhi
déning Allah ngedum tanah pusaka
Kenaan ing antarané bangsa Israèl.

35 1 Ing tanah ngaré Moab,
sacedhaké Kali Yardèn, sangarepé
kutha Yérikho, Gusti Allah ngandika
marang Musa,

2 "Bangsa Israel kandhanana yèn wong
Lèwi kudu diwènèhi kutha sawetara
dienggo manggon lan pangonan ing
saubengé. Kuwi kudu dijupukaké saka
panduman tanah pusaka sing padha
ditampa déning para taler.
3 Kutha-kutha mau bakal dadi duwèké
wong Lèwi dienggo manggon. Pangonan
ing saubengé kuwi kanggo raja-kaya lan
kéwan-kéwané liyané.
4 Lemah sing dienggo pangonan kuwi
ambané 450 mèter saka témboké kutha,
mubeng.
5 Dadi lemah pangonané wong Lèwi
kuwi dawané saben iring 900 mèter;
kuthané dumunung ana ing tengahé.
6 Wong Lèwi kudu kokwènèhi kutha
pangungsèn nem, yakuwi panggonan
kanggo ngungsi wong sing ora kejarag
matèni wong. Kejaba saka kuwi wong
Lèwi kudu diwènèhi kutha patang puluh
loro liyané,
7 karo pangonané. Dadi kabèh ana
kutha patang puluh wolu sing kudu
diwènèhaké marang wong Lèwi.
8 Cacahé kutha-kuthané wong Lèwi
ing wilayahé taler-taleré Israèl kudu

ditemtokaké miturut gedhé ciliké
wilayahé taler mau."
9 Gusti Allah ngandika marang Musa
10 supaya ndhawuhi bangsa Israèl
mengkéné, "Sawisé kowé nyabrang Kali
Yardèn lan mlebu ing tanah Kenaan,
11 padha nemtokna kutha-kutha
pangungsèn, supaya wong-wong sing
matèni wong liya ora kajarag, bisa
ngungsi mrono.
12 Bisa nyingkiri pemalesé sanak
seduluré wong sing mati. Merga wong
sing didakwa matèni wong ora kena
diukum pati, sadurungé prekarané
dipriksa lan diadili ana ing pengadilan
umum.
13 Nemtokna kutha nem,
14 telu ing sawétané Kali Yardèn lan telu
ing tanah Kenaan.
15 Kutha-kutha mau bakal dadi kutha
pangungsèn kanggo wong Israèl lan
kanggo wong manca sing padha
manggon ing kono, kanggo sawetara
mangsa utawa saterusé. Sapa waé sing
matèni wong tanpa dijarag, bisa ngungsi
ing salah sijiné kutha nem mau.
16 Nanging menawa wong mau enggoné
matèni nganggo gaman wesi, watu

utawa kayu, kuwi salah, merga njarag
matèni lan kudu diukum pati.
17 (35:16)
18 (35:16)
19 Sanak-seduluré wong sing dipatèni
mau sing kudu nindakaké ukuman pati.
Yèn kepethuk karo sing matèni mau,
kena terus dipatèni.
20 Yèn ana wong sing merga sengit
matèni pepadhané srana dibanting
utawa dibalang nganggo barang,
21 utawa dijotos, wong kuwi gawé pati
lan kudu diukum pati. Sanak-seduluré
sing dipatèni, sing cedhak dhéwé,
kudu nindakaké ukuman pati mau. Yèn
kepethuk karo sing matèni, wong mau
kena terus dipatèni.
22 Nanging saupama ana wong sing
tanpa dijarag njalari patiné wong
liya, sing ora merga sengit, iya srana
dibanting, utawa srana dibalang nganggo
barang,
23 utawa merga ora nglegéwa nibakaké
watu sing nibani wong liya, dudu
satruné, lan dhèwèké pancèn ora niat
arep gawé cilakané wong sing ketiban
wati mau,

24 ing prekara-prekara sing mengkono
kuwi rakyat kudu mbélani wong sing
njalari pati mau, lan ora kena mbélani
sanak-seduluré sing mati, sing padha
arep males matèni.
25 Wong sing ora kejarag nyebabaké
patiné liyan, kudu dislametaké déning
rakyat saka ancamané sanak-sedulu’r
wong sing dadi kurban. Wong sing
nyebabaké mati mau kudu dibalèkaké
ing kutha pangungsèné. Wong mau
kudu manggon ana ing kutha kono,
nganti sing dadi Imam Agung nalika
semana tinggal-donya; lagi sawisé kuwi
wong mau kena bali menyang désané.
Nanging yèn wong mau lunga saka kutha
pangungsèné, banjur dipregoki déning
sanak-seduluré wong sing dadi kurban,
kena dipatèni; pemales mengkono kuwi
ora dosa,
26 (35:25)
27 (35:25)
28 (35:25)
29 Prenatan-prenantan iki kanggo kowé
lan anak-anakmu, ana ing ngendi waé
panggonané.
30 Ing bab gawé pati, wong sing
didakwa matèni, mung bisa ditetepaké

kaluputané lan diukum pati yèn ana
seksi loro utawa luwih sing mbuktèkaké.
Paseksiné wong siji ora cukup kanggo
mbuktèkaké yèn pandakwa mau bener.
31 Wong sing matèni kudu genti
dipatèni. Ukumané ora kena ditebus
nganggo dhuwit.
32 Yèn ana wong ngungsi ing kutha
pangungsèn, kowé ora kena nampani
dhuwit tebusan lan ora kena ngidini
wong mau mulih ing omahé sadurungé
Imam Agung tinggal-donya.
33 Yèn kowé nglakoni mengkono, kowé
gawé regedé tanah sing kokenggoni.
Raja-pati kuwi gawé regedé negara.
Mulané ora ana dalan liya kejaba matèni
wong sing gawé pati.
34 Aja gawé regedé tanah sing
kokenggoni, merga Aku iki Allah, kang
manggon ing tengahé bangsa Israèl."

36 1 Para pengarepé turun-Gilèad,
anaké Makir, yakuwi putuné
Manasyè anaké Yusuf, padha nemoni
Musa lan para penggedhé liyané.
2 Tembungé, "Gusti Allah sampun
ndhawuhi panjenengan ngedum
siti ing antawisipun bangsa Israèl
srana undhi. Gusti Allah ugi sampun

ndhawuhi panjenengan nyukakaken siti
warisanipun sedhèrèk kula Zélaféhad
dhateng anak-anakipun èstri.
3 Nanging kita ngertos menawi laré-laré
menika sami émah-émah kaliyan tiyang
jaler saking taler sanès, siti warisanipun
menika badhé dhawah dhateng tler
sanès wau. Srana mekaten siti ingkang
sampun katemtokaken dados panduman
kula sedaya, badhé kelong.
4 Ing Taun Yobèl, menawi siti-siti
ingkang katumbas kawangsulaken
dhateng ingkang gadhah, sitinipun
laré-laré èstri anakipun Zélaféhad
menika badhé tetep dados hakipun para
tiyang jaler ingkang mendhet laré-laré
èstri wau, ngantos taler kula lajeng
kécalan siti wau."
5 Mulané Musa banjur ngumumaké
marang bangsa Israèl dhawué Gusti
Allah mau, mengkéné: "Penemuné
wong-wong taler Manasyè kuwi bener,
6 mulané Gusti Allah ngandika, ‘Bocah-
bocah wadon anaké Zélaféhad kuwi
bébas, kena omah-omah karo sapa waé,
sing disenengi, angger karo wong lanang
taleré dhéwé.

7 Lemah pusaka pandumané wong
Israèl kudu tetep ana ing taleré.
8 Saben wong wadon sing olèh warisan
lemah ing taleré Israèl, kudu omah-omah
karo wong lanang saka taleré dhéwé.
Srana mengkono saben wong Israèl
bakal marisi lemah pusakané leluhuré,
9 lan lemah pusaka mau ora bakal
ngalih dadi duwèké taler liya. Saben taler
bakal tetep nduwèni lemah pusakané
dhéwé-dhéwé.’"
10 Merga saka dhawuhé Allah marang
Musa mau, bocah wadon lima anaké
Zélaféhad, yakuwi: Mahla, Tirza, Hogla,
Milka lan Noa banjur padha omah-omah
karo sanak-seduluré dhéwé,
11 (36:10)
12 yakuwi karo wong saka turunané
taler Manasyè, anaké Yusuf. Srana
mengkono tanah pusakané bocah-bocah
wadon mau tetep dadi dusèké taler
Manasyè.
13 Mengkono prenatan-prenatan lan
putusan-putusan sing didhawuhaké
déning ALlah marang bangsa Israèl
lantaran Musa, nalika bangsa Israèl
isih padha ana ingtanah ngaré Moab,

sacedhaké Kali Yardèn, sangarepé kutha Yérikho.

Ulangan

1 [1] Kitab iki isi andharané Musa marang
bangsa Israèl nalika padha ngaso ana
ing ara-ara samun sawétané Kali Yardèn.
Yakuwi Lebak[a] Yardèn, sacedhaké kutha
Suf, ing antarané kutha Paran karo
kutha-kutha ing sisih kanané, kayata
kutha Tofèl, Laban, Hazérot lan Dizagab.
[2] (Saka Gunung Sinai menyang Kadès
Barnéa metu pegunungan Édom kuwi
suwéné sewelas dina.)
[3] Nalika tanggal siji, sasi sewelas, taun
ping patang puluh kaétung wiwit budhalé
saka tanah Mesir, Musa ngandharaké
marang bangsa Israèl sakèhing prekara
sing didhawuhaké déning Allah marang
bangsa mau.
[4] Yakuwi sawisé Musa nelukaké Sihon,
raja Amori, sing manggon ing kutha
Hèsbon, lan Og raja Basan, sing ngratoni
kutha Astarot lan Èndréi.
[5] Dadi nalika bangsa Israèl mau isih ana
ing tanah Moab, sisih wétané Kali Yardèn,
Musa wis wiwit awèh ketrangan bab

---

[a]Lebak: ngaré: lembah (bhs. Ind.).

dhawuh-dhawuh lan prenatan-prenatané
Allah. Pengucapé Musa,
6 "Nalika kita ana ing Gunung Sinai,
Gusti Allah ngandika mengkéné,
‘Enggonmu manggon ing gunung kéné
wis rada suwé.
7 Mulané, kémahmu bedholen, lungaa
menyang tanah pegunungané wong
Amori lan daérah-daérah sakiwa-
tengené, nganti tekan Lebak Yardèn.
Saka kana menyang daérah pegunungan
ing tanah ngaré sing sisih Kidul nganti
tekan pesisiré Segara Tengah. Lungaa
menyang tanah Kenaan, terus menyanga
pegunungan Libanon, nganti tekan
Bengawan Éfrat.
8 Aku, Allah sing njanjèkaké tanah kuwi
kabèh marang leluhurmu Abraham,
Iskak lan Yakub, sarta anak-turuné
kabèh. Padha mangkata mrana, lan
padha manggona ing kana.’"
9 Tembungé Musa marang bangsa mau,
"Nalika kita ana ing Gunung Sinai, aku
wis kandha, ‘Tanggung jawabku dadi
pemimpinmu kuwi dakrasa kaboten
kanggoné aku. Aku ora bisa nandangi
dhéwé,

10 merga Allah wis ndadèkaké kowé
dadi akèh banget, kaya lintang ing
langit.
11 Muga-muga Allahé leluhurmu
ndadèkaké kowé nganti tikel sèwu, dadi
bangsa gedhé lan sarwa kecukupan kaya
sing dadi janjiné!
12 Nanging yèn aku dhèwèkan kaya
mengkéné, kepriyé bisaku mikul
tanggung jawab sing semono aboté,
ngurusi prekara-prekaramu?
13 Mulané saben taler miliha wong
lanang sawetara sing wicaksana, sing
duwé kepinteran lan pengalaman,
supaya dakangkat dadi pemimpinmu.’
14 Usulku mau wis padha koktampa
becik.
15 Mulané para wong sing wicaksana lan
duwé pengalaman, sing wis kokpilih saka
antarané taler-taler mau, wis dakangkat
dadi pemimpinmu. Ana sing dadi
pemimpiné wong sèwu, ana sing dadi
pemimpiné wong satus, ana sing dadi
pemimpiné wong sèket, lan ana sing dadi
pemimpiné wong sepuluh. Aku uga wis
ngangkat penggedhé-penggedhé liyané
kadadèkaké pemimpiné taler-talermu.

16 Nalika semono padha dakwènèhi
tugas mengkéné, ‘Samasa ing antarané
bangsamu ana tukar-padu, gatèkna lan
putusana sing adil, iya prekaran sing
ana ing antarané bangsamu dhéwé,
utawa sing nyangkut wong manca sing
manggon ing tengahmu.
17 Poma, putusanmu aja abot sisih.
Wong kabèh kudu diadili nganggo dhasar
sing padha, ora kena pilih kasih, merga
putusan sing koktibakaké kuwi asalé
saka Gusti Allah. Yèn ana prekara sing
angèl tumraping kowé, pasrahna aku,
dakadilané.’
18 Nalika semono aku usul marang kowé
bab sakèhing prekara sing kudu padha
koklakoni."[b] dikirim saka Kadès Barnéa
19 "Kita banjur nglakoni apa sing
didhawuhaké déning Allah. Kita padha
budhal saka Gunung Sinai, mlaku
ngambah segara wedhi sing panas
banget nggegirisi, ngener daérah
pegunungané wong Amori. Satekané ing
Kadès Barnéa,
20 aku kandha, ‘Saiki kowé wis padha
tekan daérah pegunungané wong
Amori, tanah sing wis diparingaké

[b]telik: mata-mata (bhs. Ind.).

déning Allah sing dibektèni leluhur-
leluhur kita. Delengen, yakuwi tanahé.
Padha mranaa, enggonana, kaya sing
didhawuhaké déning Allah marang kowé.
Aja mangu-mangu[c] lan aja wedi.'
21 (1:20)
22 Nanging kowé padha marani aku lan
kandha, 'Langkung prayogi kèngkènan
tiyang sawetawis, supados nliti tanah
menika sarta lajeng sami suka sumerep
dhateng kita mergi pundi ingkang
prayogi piyambak kita ambah; lan
kitha-kitha menapa kémawon ingkang
wonten ing ngrika!'
23 Penemumu mau dakrujuki, mulané
aku banjur milih wong rolas, saka saben
taler siji.
24 Wong-wong mau nusup mlebu ing
daérah pegunungan nganti tekan Lebak
Éskol, banjur nliti daérah kono.
25 Sawisé mengkono banjur padha
bali, karo nggawa woh-wohan saka
daérah mau, lan crita, yèn tanah sing
diparingaké déning Allah marang kita
kuwi tanah sing subur banget.

---

[c]mangu-mangu: ragu-ragu (bhs. Ind.).

[26] Nanging kowé padha nglawan
marang dhawuhé Allah, lan padha ora
gelem mlebu ing negara mau.
[27] Malah kowé padha grundelan karo
muni, ‘Gusti Allah pancèn sengit karo
awaké dhéwé. Kita padha digawa
metu saka ing tanah Mesir, merga arep
diulungaké marang tangané wong Amori,
supaya dipatèni.
[28] Dadi, apa preluné kita padha mrana?
Ya emoh ta, aku wedi. Para telik dhéwé
wis padha lapur, yèn wong-wong ing
kana gagah prakosané ngungkuli kita,
lan padha manggon ing kutha-kutha sing
témboké dhuwuré selangit. Sing padha
manggon ing kana kuwi dudu wong
lumrah, nanging wong sing kaya buta!’
[29] Nanging aku kandha, ‘Aja wedi karo
wong-wong kuwi.
[30] Gusti Allah piyambak sing bakal
ngirid kowé lan nglawan mungsuhmu,
kaya sing padha kokalami dhéwé ing
tanah Mesir,
[31] lan ing segara wedhi. Kowé padha
weruh dhéwé, enggoné ngirid kowé
sedalan-dalan nganti tekan ing kéné,
ora béda karo bapak sing nggéndhong
anaké.’

32 Senajan aku wis kandha mengkono,
éwasemono kowé meksa padha ora
gelem precaya marang Allah,
33 mangka Panjenengané kuwi sing
selawasé ndhisiki lakumu, nggolèkaké
panggonan sing kena kokenggo lèrèn lan
pasang kémah. Sajroné nuduhaké dalan
sing kudu kokambah, Panjenengané
ndhisiki lakumu; yèn bengi nganggo
tugu geni, yèn awan nganggo tugu
méga."
34 "Pirsa panggrundelmu mau Gusti
Allah banjur duka. Panjenengané
sumpah,
35 ‘Saka antarané wong-wong duraka
iki ora ana siji waé sing bakal mlebu ing
tanah sing wis Dakjanjèkaké marang
leluhuré.
36 Mung Kalèb, anaké Yéfuné waé
sing bakal mlebu, merga wong kuwi
tetep setya marang Aku. Kalèb lan
anak-turuné bakal Dakparingi tanah sing
didlajahi.’
37 Merga saka pratingkahmu Gusti Allah
duka marang aku lan ngandika, ‘Musa,
kowé uga ora bakal mlebu ing tanah
kuwi.

38 Nanging Yosua anaké Nun,
pembantumu kuwi, kuwatna atiné. Wong
kuwi sing bakal ngirid bangsa Israèl
mlebu lan ngenggoni tanah mau.’
39 Gusti Allah banjur ngandika marang
kita kabèh, ‘Anak-anakmu sing cilik, sing
durung bisa mbédakaké prekara sing ala
lan sing becik, sing miturut kandhamu
bakal direbut déning mungsuhmu, kuwi
sing bakal Dakpandumi tanah kuwi lan
sing bakal padha manggon ing kono.
40 Nanging kowé kabèh, padha balia
menyang ara-ara samun, metu dalan
sing tekan Teluk Akaba.’
41 Kowé banjur padha mangsuli, ‘Bapak,
kula sampun sami damel dosa dhateng
Gusti Allah. Nanging samenika kula sami
badhé majeng perang, kados ingkang
kadhawuhaken déning Pangéran, Allah
kita.’ Saben wong banjur siap maju
perang, merga nganggep yèn ngambah
daérah pegunungan kuwi prekara sepélé.
42 Nanging Gusti Allah ngandika marang
aku, ‘Aja koktégakaké nglurug perang,
merga Aku ora marengaké. Mesthi bakal
padha kalah.’
43 Kowé padha dakkandhani apa sing
didhawuhaké déning Allah mau, nanging

kowé padha ora nggugu. Kowé padha
nglawan marang Allah, lan nékad
nyerang menyang daérah pegunungan.
44 Wong Amori sing padha manggon
ing kono nuli padha maju perang,
tawur karo wong Israèl. Cacahé akèh
banget, kaya tawon kambu.[d] Kowé
padha dioyak nganti tekan kutha Horma.
Ana ing daérah Édom kono kowé diserbu
entèk-entèkan.
45 Kowé banjur padha sambat-sambat
marang Allah nyuwun pitulungan,
nanging Panjenengané ora kersa
nulungi."
46 "Kita padha lèrèn ing Kadès kono
nganti rada suwé.
2 1 Wekasané kita banjur padha
bali menèh menyang ara-ara
samun, metu dalan sing tekan ing
Teluk Akaba, kaya sing didhawuhaké
déning Allah. Nganti suwé banget kita
padha ngumbara[e] ana ing saubengé
pegunungan Édom.
2 Gusti Allah banjur ngandika marang
aku,

---

[d]kambu: bibaran.

[e]ngumbara: mengembara (bhs. Ind.).

3 yèn wis cukup suwéné enggon kita
padha ngumbara ngubengi pegunungan
Édom kono, kita didhawuhi mlaku ngalor.
4 Gusti Allah ngandika karo aku,
supaya ngandhani kowé mengkéné,
‘Ora suwé menèh kowé bakal mlebu ing
daérah pegunungan Édom, panggonané
sedulur-sedulurmu, anak-turuné Ésau.
Wong-wong kono bakal padha wedi karo
kowé,
5 nanging aja kokserang, merga
tanahé setapak waé ora ana sing bakal
Dakparingaké marang kowé. Tanah
Édom wis Dakparingaké marang Ésau.
6 Nanging ana ing kana kowé kena tuku
pangan lan banyu.’
7 Padha ngélingana kaya apa Gusti
Allah enggoné mberkahi kowé kabèh
ing sabarang prekara sing koklakoni.
Panjenengané wis njaga kowé selawasé
kowé ngumbara ing segara wedhi sing
jembar banget kuwi. Panjenengané
nganthi laku kita nganti patang puluh
taun lawasé, lan maringi sing dadi
kebutuhan kita.
8 Kita padha nerusaké laku, ninggal
dalan sing saka kutha Éliot lan Ézion-

Gèbèr menyang Segara Mati, banjur
ménggok ngalor-ngétan tekan ing Moab.
9 Gusti Allah ngandika marang aku,
‘Wong Moab, anak-turuné Lot, kuwi aja
kokganggu, lan aja kokperangi. Kutha Ar
kuwi wis Dakparingaké marang dhèwèké
lan buminé sethithik waé ora ana sing
Dakparingaké marang kowé.’"
10 Dhèk biyèn Ar mau dienggoni bangsa
sing kaya buta, sing disebut wong Émim.
Dedegé padha kaya wong Anakim, iya
bangsa kaya buta.
11 Wong Émim uga disebut wong
Réfaim, kaya wong Anakim, nanging
wong Moab nyebut wong ing Ar mau
Émim.
12 (Dhèk biyèn wong Hori manggon
ing tanah Édom, nanging anak-turuné
Ésau mau nundhung wong Hori saka
kono lan disirnakaké, banjur ngenggoni
tanahé, ora béda karo bangsa Israèl
sing mbésuké uga nundhungi mungsuh-
mungsuhé saka tanah sing diparingaké
déning Allah marang bangsa mau.)
13 "Sawisé mengkono kita banjur
padha nyabrang Kali Zèrèd kaya sing
didhawuhaké déning Allah.

14 Kelakoné mau telung puluh wolu
taun sawisé kita budhal saka Kadès
Barnéa. Para prejurit angkatan jaman
semono wis padha mati kabèh, kaya sing
dingandikakaké déning Allah.
15 Wong-wong mau tansah padha
dilawan déning astané Allah, nganti
pungkasané padha tumpes kabèh.
16 Sawisé padha mati kabèh,
17 Gusti Allah banjur ngandika marang
kita,
18 ‘Ing dina iki kowé bakal nglangkahi
tapel watesé tanah Moab, metu dalan
sing tekan ing kutha Ar.
19 Dadi kowé wis cedhak karo tanahé
wong Amon, anak-turuné Lot. Élinga
bangsa kuwi aja kokganggu, merga
tanah kuwi wis Dakparingaké marang
wong-wong mau, sethithik waé ora ana
sing bakal Dakparingaké marang kowé.’"
20 Daérah kono uga karan tanahé wong
Réfaim, bangsa sing biyèn manggon ing
kono; wong Amon ngarani bangsa mau
wong Zamzumim.
21 Pawakané kaya wong Anakim, gedhé
dhuwur. Wongé rosa-rosa, tur cacahé
akèh banget. Nanging padha ditumpes

déning Allah; tanahé direbut wong
Amon, lan dienggoni.
22 Kaya mengkono uga pendamelé
Allah, nalika maringaké tanah marang
bangsa Édom, anak-turuné Ésau, sing
ngenggoni daérah Édom. Gusti Allah
numpes bangsa Hori dhisik, nganti
wong Édom bisa ngrebut tanah mau lan
dienggoni tekan sepréné.
23 (Tanah saurute pesisiré Segara
Tengah kuwi wis dienggoni wong-wong
asal pulo Kréta. Wong-wong mau
numpes bangsa Awi, wong pribumi sing
manggon ing kono, banjur ngenggoni
tanah kono, sapengidul nganti tekan
kutha Gaza.)
24 "Sawisé ngliwati Moab, Gusti Allah
banjur ngandika marang kita, ‘Padha
nyabranga Kali Arnon. Sihon, raja ing
Hèsbon bakal Dakulungaké marang
kowé, sanegarané kabèh. Serangen, lan
tanahé enggonana.
25 Wiwit ing dina iki bangsa-bangsa
ing kana bakal Dakgawé wedi ngadhepi
kowé. Saben wong bakal geter lan
giris samasa krungu wong nyebut
jenengmu.’"

26 "Sawisé mengkono aku kongkonan
wong sawetara saka segara wedhi
Kedémot, nemoni Raja Sihon ing kutha
Hèsbon, nggawa usul mengkéné,
27 ‘Keparenga kula ndhèrèk langkung
ing negari panjenengan. Kula badhé
mlampah tanpa kèndel, utawi mboten
mawi nyimpang ngiwa utawi nengen.
28 Tetedhan ingkang kula tedha lan toya
ingkang kula ombé, badhé kula tumbas.
Kula namung betah langkung kémawon,
29 ngantos kula sami nyabrang ing
Lèpèn Yardèn lan mlebet ing negari
ingkang kaparingaken déning Allah
dhateng kula. Anak-turunipun Ésau ing
Édom lan tiyang Moab ing Ar, inggih
sami ngidinaken kula sami langkung ing
negarinipun.’
30 Nanging Raja Sihon ngalang-alangi
kita langkung metu negarané. Allah
mangkotaké atiné, supaya wong mau
bisa kita kalahaké lan tanahé kita
enggoni. Tanah mau kita enggoni nganti
sepréné.
31 Gusti Allah nuli ngandika marang
aku, ‘Titènana, Raja Sihon lan negarané
Dakulungaké marang kowé. Rebuten
tanahé lan enggonana.’

32 Sihon banjur maju perang nggawa
balané kabèh, ing sacedhaké kutha
Yahas.
33 Nanging Allah ngulungaké Sihon
marang kita, mula kita patèni saanak-
bojoné lan para prejuritè kabèh.
34 Sanalika iku uga kuthané kita rebut
siji-siji lan kita gempur; rakyaté kita
patèni kabèh, wongé lanang, wadon,
tekan anak-anaké pisan. Ora ana siji
waé sing kita karèkaké.
35 Raja-kayané kita jupuk lan kutha-
kuthané kita rampas.
36 Gusti Allah ora ngalang-alangi kita
ngrebut kutha-kutha mau kabèh, wiwit
saka Aroèr, ing pinggiré Lebak Arnon,
nganti tekan kutha sing ana ing tengahé
lebak mau, sauruté dalan sing tekan
Giléad. Ora ana témbok sing bisa nahan
gempuran kita.
37 Nanging ngedohi daérahé wong
Amon, iya ngedohi Kali Yabok utawa
kutha-kutha ing daérah pegunungan
utawa panggonan-panggonan liya sing
ora diparengaké déning Allah."
3 1 "Sawisé mengkono kita banjur
mlaku ngalor, ngener daérah Basan.
Og, raja Basan, methukaké perang

marang kita, karo tentarané kabèh, ing
sacedhaké kutha Édrèi.
2 Nanging Gusti Allah ngandika marang
aku, ‘Musa, aja wedi ngadhepi Og. Wong
kuwi bakal Dakulungaké marang kowé,
semono uga tentara satanahé pisan.
Tumpesen kaya Sihon, raja Amori ing
Hèsbon kaé.’
3 Dadi Raja Og lan rakyaté diulungaké
déning Allah marang kita, lan kabèh wis
kita patèni.
4 Kita padha ngrebut kutha-kuthané
kabèh, siji waé ora ana sing kèri. Cacahé
kutha kabèh sing kita rebut 60, papané
ing tanah Argob; kabèh jajahané Raja
Og ing Basan.
5 Kutha-kutha mau kabèh disantosani
nganggo témbok dhuwur lan gapura;
lawang-lawangé diwènèhi slarak kanggo
ngancing lawanging gapura mau. Kejaba
kuwi isih akèh menèh kutha sing ora
ditémbok.
6 Kutha-kutha mau kita gempur kabèh,
wongé kita patèni kabèh, wongé lanang,
wadon, dalah anak-anaké pisan. Ora
béda karo enggon kita nggempur
kutha-kuthané Raja Sihon ing Hèsbon.

7 Raja-kayané kita rampas, lan
kutha-kuthané kita sirnakaké.
8 Nalika semono kita padha ngenggoni
tanahé raja Amori loro mau sing ana ing
sisih wétané Kali Yardèn lan Kali Arnon
nganti tekan Gunung Hèrmon.
9 (Wong Sidon ngarani Gunung Hèrmon
mau Siryon, wong Amori ngarani
"Senir".)
10 Tanahé Og raja ing Basan, kita rebut
kabèh, yakuwi kutha-kuthané sing ana
ing dhuwur, daérah Giléad lan Basan,
terus mengétan, tekan kutha Salkha lan
Édrèi."
11 (Raja Og kuwi wong Réfaim sing kèri
dhéwé. Trebelané[f] saka watu, dawané
patang mèter, ambané mèh rong mèter,
miturut ukuran resmi. Tekan sepréné
kena dideleng ing kuthané wong Amon.)
12 "Sawisé tanah mau dadi duwèk kita,
nuli dakpandumaké marang taler Rubèn;
taler Gad dakpandumi daérah saloré
kutha Aroèr, sacedhaké Kali Arnon, karo
sapérangané daérah pegunungan Giléad,
sakutha-kuthané pisan.
13 Taler Manasyè sing separo
dakpandumi turahané daérah Giléad,

---

[f]trebela: pethi pejah, kuburan.

karo daérah Basan, tilas jajahané Raja
Og, yakuwi wilayah Argob kabèh."
(Basan kuwi ketelah tanahé wong
Réfaim.
14 Yair, saka taler Manasyè, ngrebut
wilayah Argob, yakuwi Basan, nganti
tekan tapel watesé Gésur lan Maaka.
Kutha-kutha mau dijenengaké miturut
jenengé Yair dhéwé, lan tekan sepréné
karan kutha-kuthané Yair.)
15 "Giléad dakpandumaké marang
turuné Makir, saka taler Manasyè.
16 Déné taler-taler Rubèn lan Gad
dakpandumi wilayah sing dunungé ing
antarané Giléad lan Kali Arnon. Tengahé
kali mau dadi tapel watesé sing sisih
Kidul. Tapel watesé sing sisih Lor, Kali
Yabok. Sapérangan liyané mau tapel
wates tanahé wong Amon.
17 Tapel watesé sing sisih Kulon Kali
Yardèn, wiwit saka Tlaga Galiléa sisih
Lor, mengidul tekan Segara Mati. Saka
kono mengétan tekan sikilé Gunung
Pisga.
18 Nalika semono padha dakpréntah
mengkéné, ‘Gusti Allah wis mandumi
kowé tanah sawétané Kali Yardèn dadi
panggonanmu. Saiki prejurit-prejuritmu

konen siaga ing perang lan nyabrang Kali
Yardèn, ndhisiki taler-taler Israèl liyané,
ngrebut tanah Kenaan.
19 Mung anak-bojomu lan raja-kayamu
sing cacahé akèh banget kuwi tinggalen
dhisik ing kutha-kutha sing wis
dakwènèhaké marang kowé.
20 Sedulur-sedulurmu réwangana
perang, nganti bisa ngenggoni tanah
sing diparingaké déning Allah ing
sakuloné Kali Yardèn, nganti Gusti Allah
marengaké wong-wong mau padha
manggon ing kana kanthi tentrem,
kaya kaananmu ing kéné. Lagi sawisé
mengkono kowé kena padha bali ing
tanah sing dakpandumaké marang
kowé.’
21 Aku banjur kandha karo Yosua, ‘Kowé
wis weruh dhéwé sakèhing prekara sing
ditindakaké déning Allah marang Sihon
lan Og. Iya kaya mengkono enggoné
bakal numpes saben raja sing tanahé
kokrebut.
22 Kowé aja wedi karo raja-raja mau,
merga Pangéran, Allahmu sing bakal
maju perang kanggo kowé.’"
23 "Nalika semono aku nyuwun marang
Pangéran,

[24] ‘Dhuh Allah ingkang Mahaluhur, kula
mangertos bilih menapa ingkang Paduka
tedahaken dhateng kula samangké
menika saweg wiwitaning pakaryan
Paduka ingkang ageng lan élok. Mboten
wonten ing langit utawi ing bumi ingkang
saged nindakaken kaélokan kados
Paduka.
[25] Mugi Gusti marengaken kula
nyabrang ing Lèpèn Yardèn, supados
kula saged ningali siti ingkang subur lan
daérah paredèn sisih ngrika, lan paredèn
Libanon ingkang éndah menika.’
[26] Nanging ya merga penggawému Gusti
Allah duka karo aku, mula Panjenengané
ora ngabulaké panyuwunku. Malah
Panjenenganė ngandika, ‘Wis cukup
seméné waé, Musa. Prekara iki aja
koksebut-sebut menèh!
[27] Munggaha ing pucaké Gunung Pisga,
ndelenga mengalor lan mengidul, ngétan
lan ngulon. Titènana apa sing kokdeleng
kuwi, merga kowé, Musa, ora bakal
nyabrang ing Kali Yardèn.
[28] Yosua wènèhana pituduh-pituduh.
Atiné kuwatna, merga dhèwèké sing
bakal ngirid bangsa iki mlebu lan
ngenggoni tanah ing sabranging kali

kana, tanah sing wis kokdeleng saka
pucaké Gunung Pisga.’
29 Kita banjur padha manggon ing Lebak
Moab, adu-arep karo kutha Bètpéor."
4 1 Musa banjur kandha karo bangsa
Israèl mengkéné, "Padha nglakonana
dhawuh-dhawuh sing wis dakwulangaké
marang kowé, supaya kowé tetep urip
lan manggon ing tanah sing diparingaké
marang kowé déning Pangéran, Allahé
leluhurmu.
2 Apa sing dakwarahaké iki aja pisan-
pisan koktambahi utawa kokelongi.
Dhawuh-dhawuhé Allah sing wis
dakpréntahaké marang kowé kuwi
tindakna.
3 Kowé wis padha weruh dhéwé apa sing
ditindakaké déning Allah ing Gunung
Péor. Kabèh wong sing padha nyembah
Baal ing panggonan mau wis ditumpes,
4 nanging sing setya marang
Panjenengané padha tetep urip
tekan sepréné.
5 Pepakon-pepakon mau wis
dakwulangaké marang kowé, kaya
sing didhawuhaké déning Pangéran
marang aku. Kabèh mau lakonana

samasa kowé mbésuk mlebu lan
manggon ing tanah kana.
6 Sing padha tlatèn enggonmu
nindakaké dhawuh-dhawuh mau. Yèn
koklakoni, bangsa-bangsa liya bakal
weruh yèn kowé kuwi bangsa sing
wicaksana. Yèn padha krungu bab
prenatan-prenatan mau, bakal padha
muni, ‘Semono wicaksana lan pinteré
bangsa gedhé kuwi!’
7 Bangsa-bangsa liyané, senajan
gedhé kaya ngapa, ora ana sing duwé
allah, sing semono cedhaké kaya Allah
kita. Panjenengané paring wangsulan
samangsa kita sesambat nyuwun
pitulungan.
8 Bangsa-bangsa liya, senajan
sing gedhé pisan, ora ana sing
duwé prenatan-prenatan kaya sing
dakwulangaké iki marang kowé.
9 Mulané gatèkna lan rasak-rasakna
sing temenan, supaya sajegmu urip
aja nganti lali karo apa sing kokdeleng
nganggo mripatmu dhéwé. Malah
critakna marang anak-putumu
10 nalikané kowé padha ngadeg ing
ngarsané Allahmu, ing Gunung Sinai.
Nalika semono Panjenengané ngandika

karo aku, ‘Bangsa iki klumpukna. Aku
kepéngin supaya padha krungu apa sing
Dakngandikakaké, karebèn padha sinau
mbangun-turut marang Aku sajegé
uripé, lan supaya padha nggulawenthah
anak-anaké ing bab mbangun-turut
marang Aku.’
11 Critakna karo anak-anakmu
enggonmu biyèn padha nglumpuk,
ngadeg ana ing sikiling gunung sing
dikemuli pedhut peteng kaya mendhung
kandel, karo geni sing urubé sundhul ing
langit.
12 Critakna karo anak-anakmu enggoné
Allah ngandika marang kowé saka
ing sajroning geni mau, sing swarané
kokrungu, nanging ora kokdeleng
rupané.
13 Ing kana Panjenengané dhawuh
marang kowé bab apa sing kudu padha
koklakoni kanggo netepi prejanjiané
karo kowé. Angger-angger sepuluh sing
wis ditulis ing lèmpèng watu loro kuwi
kudu padha koklakoni.
14 Aku didhawuhi mulangaké marang
kowé sekabèhé prenatan sing kudu
padha koktindakaké ing tanah sing

mbésuk arep padha kokleboni lan
kokenggoni kuwi."
15 "Nalika Gusti Allah ngandika marang
kowé saka Gunung Sinai, kowé padha
ora weruh rerupan apa-apa. Dadi,
kanggo keslametané awakmu dhéwé,
kowé tansah padha élinga!
16 Aja pisan-pisan kowé padha nglakoni
dosa srana gawé reca sing koksembah
rupa apa waé, dadia rupa wong lanang
utawa wong wadon,
17 rupa kéwan utawa manuk,
18 rupa kéwan rumangkang utawa iwak.
19 Aja pisan-pisan kowé nglakoni
dosa srana nyembah utawa ngabekti
marang barang sing kokdeleng ana ing
langit, kayata: srengéngé, rembulan
lan lintang-lintang. Gusti Allah ora
nggatosaké bangsa-bangsa liya padha
nyembah barang-barang ing langit mau,
20 nanging kowé kuwi bangsa sing
wis dislametaké saka panggonanmu
nandhang sangsara nganti banget ing
tanah Mesir. Kowé padha diirid déning
Allah metu saka ing negara mau, supaya
kowé dadi umat kagungané piyambak,
kaya kaananmu saiki iki.

21 Kowé kuwi sing njalari Gusti Allah
ndukani aku nganti supaos, lan aku ora
bakal nyabrang ing Kali Yardèn, mlebu
ing tanah subur sing bakal diparingaké
marang kowé kabèh.
22 Ora suwé menèh kowé bakal padha
nyabrang ing Kali Yardèn lan mlebu ing
tanah sing subur mau, nanging aku bakal
ora mèlu mrana; aku bakal kapundhut
ana ing kéné.
23 Padha sing ngati-ati! Kowé aja
padha lali karo prejanjiané Allah marang
kowé, padha tindakna; dhawuhé padha
lakonana. Aja pisan-pisan gawé reca
sing koksembah rupa apa waé,
24 merga Pangéran Allahmu kuwi
kaya geni sing mbrangas, Allah sing
butarepan.[g]
25 Yèn kowé wis manggon suwé ana
ing tanah kono lan wis duwé anak putu,
aja pisan-pisan nglakoni dosa gawé reca
rupa apa waé. Penggawé sing mengkono
mau ala banget ana ing ngarsané Allah,
lan nekakaké paukuman.
26 Langit lan bumi dadia seksimu ing
dina iki, yèn samasa kowé ora nggugu
karo kandhaku, kowé ora suwé bakal

---

[g]butarepan: cemburu (bhs. Ind.).

sirna saka ing bumi sing kokenggoni ing
sabranging Kali Yardèn kuwi. Kowé bakal
ora tetep manggonmu ing kana, malah
bakal ditumpes kabèh.
27 Kowé bakal disebar ing antarané
bangsa-bangsa liya lan mung sethithik
sing bakal tetep urip.
28 Ana ing tanah manca kowé bakal
padha nyembah reca-reca gawéané
manungsa, déwa-déwa saka kayu lan
watu, sing ora bisa ndeleng lan ora bisa
ngrungu; ora bisa mangan lan ngambu.
29 Ana ing tanah manca kono kowé
bakal padha nggolèki Pangéran, Allahmu
lan menawa enggonmu nggolèki
tenanan, kowé bakal nemu.
30 Yèn kowé wis nglakoni kasangsaran
lan kena musibah sarta bebaya,
wekasané kowé bakal mbalèni Allah lan
mbangun-turut marang Panjenengané.
31 Pangéran kuwi Allah kang kebak
sih-palimirma. Panjenengané ora bakal
négakaké lan numpes kowé, lan ora
bakal kesupèn marang prejanjiané karo
para leluhurmu.
32 Padha nitènana jaman-jaman sing
wis kepungkur, nalika kowé durung lair,
wiwit ing dinané manungsa katitahaké

ana ing bumi. Golèkana ing salumahing
bumi. Apa tau ana lelakon-lelakon sing
kaya mengkono kuwi?
33 Apa ana bangsa sing tetep urip,
sawisé krungu swarané Allah ngandika
saka ing tengahé geni kaya sing kokalami
kaé?
34 Apa tau ana allah, sing bisa
mbébasaké bangsa saka tangané bangsa
liya, banjur ndadèkaké bangsa sing
diluwari mau dadi umat kagunganė
piyambak, kaya sing ditindakaké déning
Pangéran, Allahmu marang kowé dhèk
nalika kowé ana ing tanah Mesir? Kowé
padha weruh dhéwé enggoné Allah
nganggo pangwasané nekakaké lelara
lan perang; kaélokan-kaélokan lan
prekara-prekara sing nggumunaké.
35 Kabèh mau ditindakaké, supaya
kowé yakin, yèn mung Panjenengané
piyambak sing jumeneng Allah, ora ana
liyané.
36 Saka ing langit Panjenengané
ndhawuhaké piwulang marang kowé.
Ing bumi Panjenengané ngetingalaké
genining kasucèné, lan ing tengahé geni
mau Panjenengané ngandika marang
kowé kabèh.

37 Kuwi mau kabèh merga Panjenengané
ngasihi leluhurmu. Mulané kowé padha
dipilih lan klawan kasektèné kowé wis
diirid metu saka ing tanah Mesir.
38 Panjenenganè nundhungi bangsa-
bangsa sing luwih gedhé lan luwih
prakosa ketimbang karo kowé, lan
ngirid kowé menyang tanah, sing bakal
kaparingaké marang kowé, yakuwi tanah
sing saiki dadi duwèkmu.
39 Dadi wiwit saiki rasakna sing
temenan, aja pisan-pisan lali, yèn
Pangéran kuwi Allah sing ana ing langit
lan ana ing bumi; ora ana Allah liyané.
40 Padha lakonana prenatan-prenatan
sing dakkandhakaké marang kowé
ing dina iki, supaya kowé lan anak-
turunmu padha slamet. Kowé bakal
tetep manggon ana ing tanah sing
diparingaké déning Allah dadi duwèkmu
ing selawas-lawasé."
41 Musa netepaké kutha telu ing
sawétané Kali Yardèn
42 dadi kutha pangungsèn, yakuwi
papan pangungsèné wong sing ora
dijarag njalari patiné wong liya, sing
dudu mungsuhé. Wong mengkono mau

bisa ngungsi ing salah sawijiné kutha
mau supaya ora diukum pati.
43 Kanggo taler Rubèn disedhiyakaké
kutha Bèzèr, ing aréné pegunungan
segara wedhi. Kanggo taler Gad kutha
Ramot, ing wilayah Giléad lan kanggo
taler Manasyè kutha Golan, ing wilayah
Basan.
44 Musa ndhawuhaké angger-angger lan
piwulangé Gusti Allah marang bangsa
Israèl.
45 Piwulang bab dhawuh-dhawuh
kuwi diumumaké sawisé bangsa Israèl
metu saka ing tanah Mesir lan kanggo
sawetara mangsa manggon ing Lembah
Yardèn ing sisih Wétan, adhep-adhepan
karo Bètpéor. Kuwi tilas wilayahé Sihon,
rajané wong Amori, sing manggon ing
Hèsbon. Raja mau ditelukaké déning
Musa lan bangsa Israèl nalika metu saka
ing tanah Mesir.
46 (4:45)
47 Bangsa Israèl ngenggoni tanahé
Raja Sihon mau, mengkono uga tanahé
Og, raja ing Basan, rajané wong Amori
liyané, sing manggon ing sawétané Kali
Yardèn.

48 Tanah kuwi jembaré wiwit saka kutha
Aroèr, ing pinggiré Kali Arnon, mengalor
tekan Gunung Siryon, yakuwi Gunung
Hèrmon.
49 Klebu daérahé Raja Og mau uga
tanah sawétané Kali Yardèn mengidul
tekan Segara Mati, lan mengétan tekan
sikilé Gunung Pisga.
5 1 Musa nglumpukaké bangsa Israèl
kabèh, banjur kandha mengkéné,
"Sedulur-sedulur bangsa Israèl rungokna
dhawuh-dhawuh sing saiki arep
dakterusaké marang kowé. Pepakon-
pepakon iki sinaunen lan lakonana kanthi
tlatèn.
2 Ing Gunung Sinai Gusti Allah wis
nganakaké prejanjian,
3 ora mung karo para leluhur waé,
nanging uga karo kita kabèh, sing isih
urip tekan sepréné.
4 Ing ndhuwur gunung mau Gusti
Allah ngandika saka ing tengahé geni
adu-arep karo kowé.
5 Nalika semono aku ngadeg dadi
penengah antarané Allah lan kowé,
supaya nglantaraké dhawuhé Gusti
Allah marang kowé, merga kowé dhéwé
padha wedi karo geni kuwi lan ora gelem

munggah ing gunung. Pangandikané
Gusti Allah mengkéné,
6 ‘Aku iki Pangéran, Allahmu, sing
mbébasaké kowé saka ing tanah
Mesir, panggonanmu dhèk kowé dadi
batur-tukon.
7 Kowé ora kena nduwèni utawa
nyembah marang allah liyané. Sing
koksembah kudu mung Pangéran,
Allahmu.
8 Kowé ora kena gawé reca, niru barang
sing ana ing langit utawa barang sing
ana ing bumi, utawa barang sing ana ing
banyu sangisoring bumi.
9 Aja nyembah sujud utawa ngabekti
marang reca, merga Aku Allahmu, Allah
sing butarepan. Aku bakal ngukum
wong sing sengit marang Aku, uga
anak-turuné sing ping telu lan ping pat.
10 Nanging Aku melasi marang wong
maèwu-èwu anak-turuné wong sing
tresna marang Aku lan nglakoni
dhawuh-Ku.
11 Kowé ora kena ngucapaké Asmané
Pangéran, Allahmu kanthi sembrana,
merga Allah bakal ngukum wong sing
tumindak mengkono.

12 Kowé kudu ngurmati dina Sabbat,
merga dina kuwi suci, kaya kang wis
didhawuhaké déning Pangéran, Allahmu
marang kowé.
13 Kowé wis diparingi nem dina kanggo
nglakoni pegawéanmu kabèh,
14 dina kapitu kuwi dina Sabbat, kudu
koksedhiakaké kanggo Aku. Ing dina
kuwi kowé ora kena nyambut-gawé;
iya kowé dhéwé, utawa anak-anakmu,
dadia réwangmu, kéwanmu utawa wong
manca, sing manggon ing negaramu.
Réwang-réwangmu kudu kokkongkon
ngaso kaya kowé dhéwé.
15 Élinga, dhèk ana ing tanah Mesir
kowé wis nglakoni dadi batur-tukon, lan
Aku Pangéran, Allahmu, wis ngluwari
kowé kabèh nganggo kasektèn sing élok.
Mulané kowé padha bungah-bungaha
ing dina Sabbat.
16 Kowé kudu ngajèni bapak lan ibumu,
kaya dhawuhé Pangéran Allahmu,
supaya uripmu slamet lan umurmu dawa
ing tanah sing bakal diparingaké marang
kowé.
17 Kowé aja mematèni.
18 Kowé aja laku jina.
19 Kowé aja nyenyolong.

20 Kowé aja ngucapaké paseksi goroh
tumraping pepadhamu.
21 Kowé aja dhemen karo bojoné wong
liya, aja mélik omahé, lemahé, réwang-
réwangé, kuldiné utawa sarupaning
barang-darbèké.'
22 Mengkono kuwi angger-angger sing
diparingaké déning Allah marang kowé,
nalika kowé padha nglumpuk ing Gunung
Sinai mau. Yakuwi nalika Panjenenganè
ngandika nganggo swara gumleger
saka ing tengahing geni lan mendhung
peteng. Yakuwi pepakoné, ora ana
liyané. Iya kuwi sing diserat ing papan
watu loro lan diparingaké marang aku."
23 "Nalika Gunung Sinai murub lan
kowé padha krungu swara gumleger ana
ing mendhung peteng nggawang, para
penggedhé lan para pinituwané taler
padha nemoni aku.
24 Pangucapé, 'Pangéran Allah kita
sampun ngetingalaken pangwaos
lan kamulyanipun nalika kula sami
mirengaken pangandikanipun saking
satengahing latu menika! Ing dinten
menika kula sami sumerep, bilih Gusti
Allah saged ngandikan kaliyan tiyang,
lan tiyangipun tetep gesang.

[25] Nanging menapa ginanipun kula sami miris, ajrih menawi pejah, mergi ningali latu ingkang ngalad-alad menika? Kula yakin sami badhé ngalami pejah, menawi mireng pangandikanipun Allah sepisan malih.
[26] Rak mboten wonten tiyang ingkang lestantun gesang sesampunipun mireng Allah ingkang gesang menika ngandika saking tengahing latu?
[27] Pramila, Bapak Musa, prayogi menawi panjenengan kémawon ingkang mirengaken sedaya prekawis ingkang kadhawuhaken déning Allah dhateng kita. Sesampunipun menika panjenengan wangsul nyariyosaken sedaya dhawuh wau dhateng kula sedaya. Kula sami badhé nampi lan ngèstokaken.’
[28] Nalika Pangéran mireng tembungé wong-wong mau, banjur ngandika marang aku, ‘Aku wis mireng aturé bangsa iki, kuwi bener.
[29] Becik menawa sing mengkono mau tetep ing selawasé! Yakuwi tansah ngurmati Aku lan ngèstokaké dhawuh-dhawuh-Ku, mulané wong mau lan anak-turuné bakal slamet ing selawas-lawasé.

30 Saiki mundura saka ing kéné, bangsa kuwi dhawuhana mulih menyang omahé dhéwé-dhéwé.
31 Nanging kowé, Musa, kèria ing kéné karo Aku. Kowé bakal Dakngandikani sakèhing pepakon lan prenatan-prenatan-Ku. Wulangna marang bangsa kuwi supaya padha dilakoni, samasa mbésuk manggon ing tanah sing bakal Dakparingaké marang dhèwèké.’
32 Sedulur-sedulurku wong Israèl! Padha sing tlatèn enggonmu nglakoni sakèhé dhawuhé Pangéran Allahmu marang kowé. Pepakon-pepakoné aja ana siji waé sing koklanggar.
33 Kabèh lakonana, supaya kowé slamet lan tetep manggonmu ing tanah sing kokenggoni kuwi."

6 1 "Gusti Allah ndhawuhi aku mulangaké dhawuh-dhawuh iki marang kowé. Supaya padha koklakoni mbésuk samasa manggon ing tanah sing ora suwé menèh bakal kokleboni.
2 Kowé lan anak-turunmu sajegé urip padha ngabektia marang Pangéran, Allahmu lan nglakonana sakèhé dhawuhé sing arep dakkandhakaké marang kowé,

supaya kowé kaparingan urip dawa ing
negaramu mau.
3 Sedulur-sedulurku sabangsa!
Dhawuh-dhawuh lan prenatan-prenatan
kuwi gatèkna lan tindakna, supaya kowé
slamet lan dadi bangsa gedhé ing negara
sing gemah ripah loh jinawi[h] mau, kaya
sing dijanjèkaké déning Allah marang
para leluhur kita.
4 Para sedulurku wong Israèl, rungokna!
Pangéran kuwi Allah kita. Mung
Panjenengané piyambak.
5 Tresnaa marang Pangéran, Allahmu
klawan gumolonging atimu, klawan
gumolonging nyawamu lan klawan
sakatoging kekuwatanmu.
6 Dhawuh-dhawuh sing dakandharaké
ing dina iki aja pisan-pisan
koksepèlèkaké.
7 Wulangna marang anak-anakmu.
Wulangna samasa kowé lagi ana ing
omah, utawa lagi lelungan, yèn kowé lagi
ngaso utawa yèn lagi nyambut-gawé.
8 Talènana ana ing lengenmu lan
tèmplèkna ana ing bathukmu supaya
kowé tansah kèlingan.

[h]gemah ripah loh jinawi: subur (bhs. Ind.).

9 Tulisen ing lawang-lawangé omahmu
lan ing gapuramu."
10 "Pangéran Allahmu wis janji karo
para leluhurmu, Abraham, Iskak lan
Yakub, bakal maringaké marang kowé
tanah sing subur karo kutha-kutha
gedhé, mangka dudu kowé sing gawé.
11 Omah-omahé kebak barang apik,
mangka dudu kowé sing ngisèni. Kowé
bakal nemu sumur-sumur, mangka dudu
kowé sing ngedhuk, kebon-kebon anggur
lan wit zaitun, mangka dudu kowé sing
nandur. Menawa Allah ngirid kowé mlebu
ing tanah mau, lan kowé banjur mangan
nganti wareg apa sing koksenengi
12 sing ngati-ati, aja nganti lali marang
Panjenenganè sing wis ngluwari kowé
saka ing tanah Mesir, panggonanmu
dhèk dadi batur-tukon.
13 Ngabektia marang Pangéran, Allahmu
lan ngabdia mung marang Panjenenganè
piyambak, lan sumpaha mung demi
Asmanè piyambak.
14 Aja padha nyembah utawa ngabekti
marang brahala sing endi waé, sing
disembah déning bangsa-bangsa ing
sakiwa-tengenmu.

15 Yèn kowé nyembah brahala,
paukumané Allah bakal numpes lan
nyirnakaké kowé, merga Pangéran,
Allahmu, sing ana ing tengahmu kuwi
Allah sing butarepan.
16 Kowé aja nyoba marang Pangéran,
Allahmu, kaya tindakmu dhèk ana ing
Masa.
17 Nindakna sakèhing dhawuh sing
diparingaké déning Allah marang kowé.
18 Nindakna apa sing becik lan bener
miturut paningalé Allah, supaya kowé
slamet. Tanah subur, sing dijanjèkaké
déning Allah marang para leluhurmu,
bakal dadi duwèkmu,
19 lan kowé bakal nundhungi mungsuh-
mungsuhmu kaya sing wis dijanjèkaké
déning Allah.
20 Mbésuk anak-anakmu bakal
padha takon, 'Menapa sebabipun
Pangéran ndhawuhi kita nglampahi
pepakèn-pepakèn menika sedaya?'
21 Padha wangsulana mengkéné, 'Biyèn
aku padha dadi batur-tukon ing tanah
Mesir. Nuli Gusti Allah ngluwari kita
nganggo kasektèn.
22 Kita weruh dhéwé enggoné Allah
nindakaké kaélokan-kaélokan lan

prekara-prekara sing nggumunaké wong
Mesir, uga marang raja sabrayaté.
23 Panjenengané ngluwari kita saka
tanah Mesir, nuli ngirid kita mréné lan
maringaké tanah iki marang kita, kaya
sing wis dijanjèkaké marang para leluhur
kita.
24 Mulané Allah ndhawuhi kita supaya
nglakoni dhawuhé, lan ngabekti marang
Panjenengané. Menawa kita mrelokaké
nglakoni kuwi mau kabèh, Panjenengané
bakal tansah ngreksa bangsa kita supaya
tetep urip kanthi tentrem.
25 Menawa kita mbangun-turut lan
nglakoni kanthi setya sakèhing dhawuh-
dhawuh sing diparingaké marang kita,
Allah mesthi bakal tresna marang kita.’"
7 1 "Pangéran, Allahmu, bakal ngirid
kowé mlebu ing tanah sing bakal
kokenggoni, lan bakal nundhungi bangsa
pirang-pirang saka kono. Ana ing
ngarepmu Panjenengané bakal nelukaké
bangsa pitu, sing luwih gedhé lan luwih
prakosa ketimbang karo kowé. Yakuwi
bangsa-bangsa Hèt, Girgasi, Amori,
Kenaan, Fèris, Hèwi, lan Yébus.
2 Yèn Pangéran, Allahmu, ngulungaké
bangsa-bangsa mau marang kowé, lan

wis kokkalahaké, bangsa-bangsa mau
kudu kokpatèni kabèh. Aja pisan-pisan
gawé prejanjian karo bangsa-bangsa
mau, lan aja pisan-pisan kokwelasi.
3 Kowé ora kena kawin karo wong-wong
kuwi, mengkono uga anak-anakmu aja
olèh kawin karo wong kono,
4 supaya wong-wong mau ora
ngedohaké anak-anakmu saka Pangéran
lan nyembah marang brahalané.
Yèn kowé nganti nyembah marang
brahalané, Pangéran bakal duka banget
marang kowé, lan kowé mesthi bakal
ditumpes.
5 Mulané mesbèh-mesbèhé bangsa
kuwi gempuren, cagak-cagaké watu sing
dianggep kramat rubuhna, reca-recané
Dèwi Asyéra brukna, reca-reca sing
padha disembah obongen.
6 Kuwi kabèh tindakna, merga kowé
kuwi umat kagungané Pangéran,
Allahmu. Saka ing antarané bangsa-
bangsa ing bumi, kowé kuwi dipilih
déning Panjenengané, supaya dadi umat
kagungané piyambak.
7 Enggonmu dikasihi lan dipilih déning
Pangéran, ora merga luwih gedhé
ketimbang karo bangsa liya-liyané,

malah kowé kuwi bangsa sing cilik
dhéwé sajagad.
8 Enggoné Allah tresna marang
kowé iku merga netepi janjiné karo
para leluhurmu. Mulané kowé padha
dislametaké nganggo kasektèné
lan diluwari saka enggonmu dadi
batur-tukon, saka tangané raja Mesir.
9 Padha élinga, Pangéran Allahmu kuwi
Allah sing sejati lan ora ana tunggalé.
Panjenengané kuwi setya marang wong
sing tresna marang Panjenengané lan
nglakoni dhawuhé. Allah netepi janjiné
lan ngetingalaké katresnané klawan
setya marang wong mau tekan turuné
maèwu-èwu.
10 Nanging Panjenengané bakal ora
nyabaraké paukumané tumrapé wong
sing sengit marang Panjenengané.
11 Mulané kowé padha ngèstokna
sakèhé piwulang sing wis diparingaké
marang kowé. Sakèhé pepakoné sing
dakkandhakaké marang kowé ing dina
iki lakonana!"
12 "Yèn kowé setya nglakoni dhawuh-
dhawuh kuwi mau, Pangéran Allahmu
uga bakal setya marang prejanjiané

karo kowé, kaya janjiné marang para
leluhurmu.
13 Kowé bakal dikasihi lan diberkahi,
mulané kowé bakal padha dadi saya
tambah akèh. Palemahanmu bakal
diberkahi, temah metokaké gandum,
anggur lan lenga zaitun akèh. Sapi
lan wedhusmu bakal diberkahi dadi
sapirang-pirang. Berkah-berkah mau
kabèh bakal dilubèraké marang kowé ing
tanah sing diparingaké marang kowé,
miturut janjiné marang para leluhurmu.
14 Bangsa-bangsa sajagad siji waé
ora ana sing nampa berkah ngungkuli
berkah sing diparingaké marang
kowé. Wong-wongmu, semono uga
raja-kayamu bakal ora ana sing gabug.[i]
15 Gusti Allah bakal ngedohaké sakèhé
lelara saka ing kowé, semono uga
ngedohaké sakèhé pageblug kaya
sing dhèk biyèn koksumurupi ana ing
tanah Mesir. Nanging iku mau bakal
diganjaraké marang mungsuhmu.
16 Saben bangsa sing diulungaké déning
Pangéran Allahmu marang kowé kudu
kokpatèni, aja kokwelasi. Brahalané aja

---

[i]gabug: tanpa isi, mboten gadhah anak.

koksembah, sebab cara sing mengkono
mau bakal nekakaké pati marang kowé.
17 Aja duwé pikiran yèn bangsa-bangsa
kuwi luwih akèh cacahé ketimbang karo
kowé, nganti kowé ora wani nundhung.
18 Kowé aja pisan-pisan wedi. Élinga apa
sing wis ditindakaké déning Pangéran
Allahmu marang raja Mesir lan rakyaté
kabèh.
19 Élinga marang lelakon-lelakon
nggegirisi sing kokdeleng dhéwé,
kaélokan-kaélokan sing nggumunaké,
sarta kasektèn sing diagem déning
Pangéran Allahmu kanggo ngluwari
kowé. Kabèh bangsa sing kokwedèni
kuwi bakal ditumpes, kaya carané
numpes wong Mesir.
20 Malah Panjenengané bakal gawé
bingungé wong-wong mau; wong-wong
sing padha keplayu lan padha ndhelik
bakal dipatèni.
21 Mulané kowé aja wedi karo bangsa-
bangsa kuwi. Pangéran, Allahmu, nunggil
karo kowé. Panjenengané Allah sing
Mahaagung; Panjenengané sing prelu
kokwedèni.
22 Bangsa-bangsa mau saka sethithik
bakal ditundhung saka ing negaramu.

Aja koktumpes kabèh sanalika, supaya aja marakaké kéwan-kéwan galak ngambra-ambra gawé pitunamu.

23 Pangéran, Allahmu bakal ngulungaké mungsuh-mungsuhmu marang tanganmu. Panjenengané bakal nggawé wong-wong mau padha bingung, nganti gampang disirnakaké.

24 Raja-kayané bakal diulungaké déning Allah marang pangwasamu lan bakal padha kokpatèni, nganti jenengé ora bakal kocap menèh. Ora ana wong sing bakal tahan ngadhepi kowé. Saben wong bakal koksirnakaké.

25 Reca-recané sing padha disembah kudu diobong. Slaka lan emas sing nèmplèk ing reca-reca mau aja kokpéngini, lan aja kokjupuk kanggo awakmu dhéwé. Yèn kowé nglanggar dhawuh iki, kowé bakal mati, merga Allah gething karo panyembahé brahala.

26 Reca-reca kuwi siji waé aja kokgawa mlebu ing omahmu, supaya kowé aja kena ing paukuman. Kowé kudu gething lan jijik karo reca-reca mau, merga barang-barang kuwi ora dikersakaké déning Allah."

8 1 "Sakèhé pepakon sing
dakdhawuhaké marang kowé
iki lakonana temenan, supaya mantep
uripmu, saya wuwuh akèh cacahmu lan
tetep manggon ing Tanah Prejanjian,
sing dijanjèkaké déning Pangéran
Allahmu marang para leluhurmu.
2 Élinga, patang puluh taun lawasé
Pangéran Allahmu enggoné ngirid
lakumu liwat segara wedhi. Kasangsaran
rupa-rupa sing kokalami kanggo ndadar
kowé, supaya cethané apa sing ana
ing atimu; apa kowé bakal nglakoni
dhawuhé Pangéran, apa ora.
3 Kowé ngalami keluwèn, banjur
diparingi manna, pangan sing durung
tau kokpangan utawa dipangan
déning leluhurmu. Srana mengkono
Panjenengané nedahaké marang kowé
yèn manungsa uripé ora mung srana roti
waé, nanging srana samubarang sing
dingandikakaké déning Allah.
4 Sajroné patang puluh taun iki
sandhanganmu ora nganti luwas lan
sikilmu ora nganti abuh.
5 Élinga, yèn Pangéran Allahmu enggoné
ngrumati marang kowé kaya bapak
marang anak-anaké.

6 Mulané, sakèhé dhawuhé Allah kuwi
lakonana: Prelokna urip miturut dhawuh-
dhawuh lan prenatan-prenatané.
7 Allah bakal ngirid kowé menyang
panggonan sing subur, tanah sing
sugih kali lan panggonané tuk, sarta
banyu ing sangisoring lemah, sing
muncul mancur ing lebak-lebak lan
pegunungan-pegunungan.
8 Tanah sing metokaké gandum lan
jewawut, anggur, woh anjir, woh delima,
lenga zaitun lan madu.
9 Ana ing kono kowé bakal ora
ngrasakaké keluwèn utawa kekurangan.
Watu karangé ngandhut wesi lan saka
gunung-gunungé kowé bisa ngedhuk
tembaga.
10 Kowé bisa mangan apa waé sing
koksenengi, lan kowé bakal saos sukur
marang Pangéran Allahmu, merga
suburé bumi, sing diparingaké marang
kowé."
11 "Sing ngati-ati, kowé aja nganti
nyepèlèkaké Pangéran Allahmu. Kabèh
dhawuh-dhawuhé sing dakparingaké
marang kowé aja ana siji waé sing
kokanggep rèmèh.

12 Yèn kowé wis mangan apa sing
kokpéngini lan kowé wis yasa omah-
omah sing becik, sing kokenggoni,
13 lan wedhus tuwin sapimu wis tambah
dadi akèh, mengkono uga slaka lan
emasmu sarta raja-branamu liya-liyané,
14 sing ngati-ati, kowé aja nganti
dadi gumunggung lan nyepèlèkaké
marang Pangéran Allahmu, sing
wis ngluwari kowé saka ing tanah
Mesir, panggonanmu dhèk nalika dadi
batur-tukon.
15 Allah ngirid lakumu ngambah segara
wedhi sing jembar ngilak-ilak lan
nggegirisi, kebak ula lan kalajengking.
Lemahé garing, tanpa banyu setètès-
tètèsa; nanging Panjenengané
ndhawuhaké banyu mili saka ing padhas,
supaya kowé bisa ngombé sawaregmu.
16 Ana ing segara wedhi mau
Panjenengané maringi kowé manna
dadi panganmu, pangan sing durung
tau dipangan leluhurmu. Panjenengané
nekakaké karépotan rupa-rupa, kanggo
ndadar imanmu, supaya ing saterusé
kowé diberkahi wujud rejeki.

17 Mulané aja pisan-pisan duwé pikiran,
yèn enggonmu dadi sugih kuwi merga
saka daya kekuwatanmu dhéwé.
18 Élinga, yèn sing ndadèkaké kowé
sugih kuwi Pangéran, Allahmu. Lan
enggoné tumindak mengkono mau,
merga tekan sepréné Panjenengané
setya karo janjiné marang para
leluhurmu.
19 Sing ngati-ati, aja pisan-pisan kowé
ninggal marang Pangéran, Allahmu
lan nyembah brahala-brahala, banjur
koksembah lan kokbektèni. Yèn
penggawému kaya mengkono, élinga
marang pituturku ing dina iki, yèn kowé
mesthi bakal ditumpes déning Allah.
20 Yèn kowé ora mbangun-turut marang
Allah, kowé bakal ditumpes, ora béda
karo bangsa-bangsa sing saiki ditumpes
ana ing ngarepmu."

9 1 "Para sedulurku, wong Israèl,
rungokna! Ing dina iki kowé bakal
nyabrang Kali Yardèn lan ngenggoni
tanah sing dienggoni déning bangsa-
bangsa sing cacahé lan karosané
ngungkuli kowé. Kuthané gedhé-gedhé,
nganggo bètèng sing dhuwuré sundhul
ing langit.

2 Wong-wongé dedegé gedhé dhuwur,
pancèn turun buta, lan kowé wis padha
krungu yèn ora ana wong sing wani
nglawan wong-wong mau.
3 Nanging saiki kowé bakal weruh
dhéwé, enggoné Pangéran Allahmu
tindak ing ngarepmu kaya geni
ngalad-alad sing ngentèk-entèkaké.
Panjenengané bakal nelukaké mungsuh-
mungsuhmu ana ing ngarepmu, nganti
bisa koktundhungi lan gelis koktumpes,
kaya sing dingandikakaké.
4 Sawisé Pangéran Allahmu nundhungi
mungsuh-mungsuhmu, aja pisan-pisan
kowé duwé pikiran, yèn enggonmu
diirid menyang tanah kuwi merga
saka kautamanmu lan pamanutmu
marang Allah. Babar-pisan ora. Enggoné
Pangéran nundhungi bangsa-bangsa
mau lan nggawa kowé mrono, kuwi
merga saka gedhéning durakané
bangsa-bangsa mau. Kowé diparengaké
ngenggoni tanahé bangsa-bangsa mau,
merga Panjenengané kepéngin netepi
janjiné marang para leluhurmu Abraham,
Iskak lan Yakub.
5 (9:4)

6 Ngertia, yèn Allah ora maringaké
tanah sing subur kuwi marang kowé
merga kowé pantes tampa paringan
mau. Ora, kowé kuwi bangsa sing
wangkal.[j]
7 Élinga enggonmu njalari dukané Allah
ana ing segara wedhi. Wiwit kowé padha
metu saka tanah Mesir nganti tekan ing
panggonan kéné, kowé wis bola-bali
nglawan marang Allah.
8 Malah nalika ana ing Gunung Sinai
kowé wis njalari paukumané Allah,
nganti kowé mèh ditumpes kabèh.
9 Dhèk semono aku munggah ing
gunung, arep nampani blébékan watu
sing ditulisi prejanjian antarané Gusti
Allah karo kowé. Patang puluh dina
patang puluh bengi aku ana ing gunung
mau, tanpa mangan lan tanpa ngombé.
10 Aku banjur diparingi blébékan watu
loro, isi tulisan sing diasta déning Allah
piyambak, yakuwi tembung-tembung
sing biyèn dingandikakaké saka ing
satengahé geni marang bangsa Israèl,
nalika padha nglumpuk ana ing sikiling
gunung mau.

---

[j] wangkal: wangkot, keras kepala (bhs. Ind.).

11 Enggoné maringaké blébékan watu
loro isi prejanjian sing kaserat kuwi mau
sawisé aku ana ing gunung kono patang
puluh dina patang puluh bengi.
12 Gusti Allah nuli ngandika marang
aku, ‛Gelis mudhuna, merga bangsamu
sing kokirid metu saka ing tanah Mesir
kuwi wis nglakoni duraka. Énggal
temen enggoné padha nylèwèng saka
dhawuh-Ku lan gawé reca sing padha
disembah-sembah.’
13 Gusti Allah uga ngandika marang
aku, ‛Aku ngerti yèn bangsa iki atiné
wangkot banget.
14 Aku aja kokalang-alangi. Bangsa
kuwi bakal Daktumpes kabèh nganti
ora ana siji waé sing kèlingan yèn
bangsa iki tau ana. Nanging kowé bakal
Dakdadèkaké bangsa sing gedhéné lan
kekuwatané ngluwihi bangsa iki.’
15 Aku nuli medhun saka ing gunung,
nggawa blébékan watu loro sing isi
prejanjian mau. Sajroné aku mlaku
medhun, gunungé ana geniné murub.
16 Aku banjur weruh enggonmu
wis padha nglanggar dhawuh sing
kaparingaké déning Allah marang kowé.
Kowé wis padha gawé dosa marang

Allah, merga padha gawé reca pedhèt
saka emas.
17 Iya ana ing ngarepmu kono blébékan
watu loro sing dakgawa mau dakbanting
nganti ajur mumur.
18 Aku nuli sujud sumungkem ing
ngarsané Allah ana ing gunung mau
menèh suwéné patang puluh dina patang
puluh bengi, tanpa mangan lan ngombé.
Enggonku nglakoni mengkono mau,
merga kowé wis padha gawé dosa lan
nekakaké paukumané Allah.
19 Aku wedi karo dukané Allah,
mangka Panjenengané dhèk semono
duka banget, nganti kowé kabèh arep
ditumpes. Nanging sukur, déné nalika
semono Gusti Allah kersa ndhahar
aturku.
20 Gusti Allah iya duka banget marang
Harun, nganti arep dipatèni; mulané aku
banjur ndedonga kanggo dhèwèké.
21 Reca pedhèt sing kokgawé saka emas
mau banjur dakjupuk lan dakobong ing
geni. Banjur dakremuk lan dakejur-ejur
nganti lembut dadi awu. Awu mau banjur
dakbuwang ing kali sing mili saka ing
gunung.

22 Kowé iya gawé dukané Allah, nalika kowé ana ing Tabera, Masa lan Kibrot-Taawa.

23 Uga nalika kowé didhawuhi Allah budhal saka Kadès Barnéa, lan nalika didhawuhi nglurug perang menyang tanah sing wis dijanjèkaké déning Allah marang kowé. Kowé malah padha brontak, ora precaya karo Panjenengané lan padha mbangkang.

24 Wiwit aku kenal karo kowé, saweruhku kowé kuwi tansah nglawan marang Allah.

25 Mulané aku banjur sujud sumungkem marang ngarsané Allah, suwéné patang puluh dina patang puluh bengi, merga aku ngerti yèn Allah wis netepaké arep numpes kowé kabèh.

26 Aku banjur ndedonga mengkéné, ‘Dhuh Allah ingkang Mahaluhur, sampun ngantos numpes umat kagungan Paduka menika. Bangsa ingkang sampun Paduka luwari lan Paduka irid menika sampun medal saking tanah Mesir srana kasektèn ingkang nggumunaken.

27 Mugi Paduka ngèngeti abdi-abdi Paduka Abraham, Iskak lan Yakub, lan sampun ngantos menggalih dhateng

wangkal, duraka lan dosanipun bangsa
menika.
28 Menawi bangsa menika Paduka
tumpes, tiyang Mesir badhé sanjang,
bilih Paduka mboten saged ngirid
bangsa kagungan Paduka menika
dhateng tanah, ingkang sampun Paduka
janjèkaken dhateng tiyang-tiyang
menika. Tiyang Mesir badhé mungel,
bilih Paduka mbekta bangsa menika
dhateng seganten wedhi namung badhé
Paduka pejahi wonten ing ngriku, jalaran
Paduka sengit dhateng bangsa menika.
29 Dhuh Allah, mugi Paduka kersa
ngèngeti, bilih bangsa menika sampun
Paduka pilih dados umat kagungan
Paduka, ingkang sampun Paduka irid
piyambak saking tanah Mesir srana
kasektèn ingkang nggumunaken.’"
10 1 "Gusti Allah nuli ngandika
marang aku, ‘Musa, kowé nataha
blébékan watu loro, kaya sing ndhisik,
lan gawéa pethi saka kayu, kanggo
nyimpen, banjur mrénéa, mareka Aku
ana ing pucuking gunung.
2 Blébékan watu loro mau bakal
Dakserati pangandika kaya sing
Dakserat ana ing papan sing ndhisik,

sing kokremuk. Sawisé mengkono
lèmpèng watu loro mau kudu koksimpen
ana ing njero pethi kayu mau.’
3 Aku banjur gawé pethi saka kayu
akasia, lan natah blébékan watu loro
kaya sing ndhisik, banjur dakgawa
munggah ing gunung.
4 Allah nuli nyerat Angger-angger
Sepuluh ana ing blébékan watu mau,
yakuwi pangandika, padha karo sing
kaserat dhèk biyèn. Yakuwi dhawuh-
dhawuh sing dingandikakaké marang
kowé saka ing tengahé geni, nalika kowé
padha nglumpuk ana ing sikilé gunung
mau. Sawisé Allah maringaké lèmpèng
watu mau marang aku,
5 aku banjur medhun saka ing gunung.
Kaya sing dingandikakaké déning
Allah, blébékan watu loro mau nuli
daksèlèhaké ing pethi olèhku gawé mau.
Tekan sepréné watu-watu kuwi isih ana
ing kono."
6 Wong Israèl banjur budhal saka
ing panggonané sumur-sumuré wong
Yaakan, lunga menyang Moséra. Ana ing
kono Harun kapundhut, banjur dikubur.
Èléazar, anaké, ngganti dadi imam.

7 Saka kana padha lunga menyang
Gudgod, terus menyang Yodbata, papan
sing akèh banyuné.
8 Ana ing gunung kono Gusti Allah
milih taler Lèwi kanggo ngurus Pethi
Prejanjian, lan dadi imam sing ngladosi
Gusti Allah, sarta sing mberkahi umat
atas Asmané Allah. Kuwi tugasé wong
Lèwi tekan sepréné.
9 (Sarèhné wong Lèwi ora nampa
panduman lemah kaya taler-taler liyané,
mulané tampa kaurmatan dadi imam-
imamé Allah, kaya sing dijanjèkaké
déning Allah.)
10 "Aku ana ing gunung kono patang
puluh dina patang puluh bengi lawasé,
kaya sing dhisik. Gusti Allah njurungi
panyuwunku menèh, yakuwi ora arep
numpes bangsa Israèl.
11 Aku banjur didhawuhi mangkat ngirid
kowé kabèh ngenggoni tanah, sing wis
dijanjèkaké déning Allah marang para
leluhurmu."
12 "Saiki, sedulur-sedulurku wong
Israèl, padha setitèkna pemundhuté
Allah marang kowé: Ngabektia marang
Allah lan nglakonana dhawuhé.
Tresnanana lan ladosana kanthi mantep,

13 èstokna pepakoné sing
dakkandhakaké marang kowé ing
dina iki, supaya kowé padha slamet.
14 Gusti Allah kuwi sing kagungan
sakèhé langit sing ana ing ndhuwur,
semono uga bumi lan saisiné, kabèh
kuwi kagunganÉ.
15 Éwasemono merga saka gedhéning
sihé marang para leluhurmu,
Panjenengané wis milih kowé, lan
dudu bangsa liya, lan tekan sepréné
kowé dadi umat sing dipilih.
16 Mulané wiwit saiki kowé padha
ngèstokna dhawuhé Allah lan aja
wangkal.
17 Pangéran Allahmu kuwi ngungkuli
sakèhé brahala lan kasektèné ngungkuli
sakèhé pangwasa. Panjenengané kuwi
Allah Kang Mahaluhur lan Mahakwasa,
kang kudu dièstokaké. Panjenengané
ora pilih kasih lan ora nampi besel.[k]
18 Panjenengané ngéman bocah lola
lan mbélani wong randha supaya olèh
adil. Panjenengané ngasihi marang wong
manca sing neneka, sing manggon ing
tengahmu, lan padha diparingi pangan
lan sandhang.

---

[k]besel: suap (bhs. Ind.).

19 Mulané kowé iya padha tresnaa
marang wong-wong manca sing padha
manggon ana ing tengahmu, merga
kowé dhéwé biyèn uga dadi wong manca
sing neneka ing tanah Mesir.
20 Wedi-asiha marang Pangéran,
Allahmu lan ngabektia marang
Panjenenganè piyambak. Padha tetepa
setya marang Panjenenganè lan padha
sumpaha atas Asmané.
21 Pujinen Asmané, merga
Panjenenganè kuwi Allahmu. Kowé
wis ndeleng nganggo mripatmu dhéwé
kaélokan-kaélokan sing nggumunaké
sing ditindakaké déning Allah ing
tengahmu.
22 Nalika para leluhurmu lunga menyang
tanah Mesir, cacahé mung pitung puluh.
Nanging Pangéran, Allahmu wis
ndadèkaké cacahmu kaya lintang ing
langit."

11 1 "Tresnaa marang Pangéran
Allahmu, lan nglakonana
dhawuhé.
2 Apa sing wis kokdeleng saka
pengalamanmu bab Panjenenganè kuwi
saiki éling-élingen. Anak-anakmu rak
ora padha ngalami. Kowé kuwi sing wis

ndeleng kamulyané Allah, kasektèné lan
pangwasané.
3 Kowé padha weruh dhéwé apa sing
ditindakaké marang raja Mesir lan
negarané.
4 Kowé wis weruh dhéwé enggoné
numpes tentara Mesir, bareng karo
jaran lan krétané, padha diklelebaké
ing Segara Teberau, nalika arep ngoyak
kowé.
5 Kowé uga padha weruh dhéwé apa
sing ditindakaké déning Allah ing segara
wedhi sadurungé kowé tekan kéné.
6 Kowé uga isih kèlingan apa sing
ditindakaké marang Datan lan Abiram,
anak-anaké Éliab saka taler Rubèn.
Bumi sing mangap ing ngarepmu
nguntal wong-wong mau, bebarengan
karo brayaté, kémah, para batur lan
raja-kayané kabèh.
7 Rak kowé kuwi sing tau padha ndeleng
nganggo mripatmu dhéwé sakèhé
kaélokan sing katindakaké déning Allah
mau."
8 "Padha netepana sakèhé pepakon
sing wis dakandharaké marang kowé
ing dina iki, supaya kowé padha dadi
santosa, bisa nyabrang kali kuwi lan

mlebu ing tanah sing ora suwé menèh
bakal kokenggoni.
9 Supaya tetep uripmu ing tanah
sing lubèr susu lan madu, sing wis
dijanjèkaké déning Pangéran marang
para leluhurmu lan marang anak-turuné.
10 Tanah sing kokenggoni kuwi ora kaya
tanah Mesir, sing biyèn kokpondhoki.
Ana ing tanah Mesir kowé kudu meres
tenaga kanggo mbanyoni palemahanmu
sing arep koksebari wiji.
11 Nanging tanah sing arep kokenggoni
iki rupa pegunungan lan lebak-lebak,
sing olèhé banyu saka udan.
12 Setaun muput tanah mau dirumat lan
direksa déning Pangéran Allahmu.
13 Mulané kowé padha nglakonana
dhawuh-dhawuh sing dakandharaké
ing dina iki; padha tresnaa marang
Pangéran Allahmu lan ngabektia marang
Panjenengané kanthi mantep.
14 Mesthi Allah bakal maringi udan
marang tanahmu miturut mangsané,
yakuwi sawisé mangsa panèn lan
ngarepaké kowé nyebar. Kowé bakal
kecukupan gandum, anggur lan lenga
zaitun,

15 sarta suket kanggo raja-kayamu.
Sakèhé pangan sing kokbutuhaké, bakal
cemawis.
16 Aja nganti atimu adoh saka
Allah lan nyembah ngabekti marang
brahala-brahala.
17 Yèn kowé nerak larangan kuwi,
Gusti Allah bakal duka marang kowé.
Panjenengané bakal ora paring udan,
temah tanahmu bakal dadi garing, lan
ora metokaké asil. Ora suwé kowé bakal
padha mati ana ing kana, senajan tanah
sing diparingaké marang kowé kuwi
sejatiné tanah sing subur.
18 Padha nggatèkna dhawuh-dhawuh
mau lan padha èstokna. Padha
talènana ing lengenmu lan tèmplèkna
ing bathukmu, supaya kowé tansah
kèlingan.
19 Wulangna marang anak-anakmu.
Critakna yèn kowé lagi ana ing omah
utawa lagi lelungan, yèn kowé lagi ngaso
utawa lagi nyambut-gawé.
20 Tulisen ana ing cagak-cagaké
omahmu, lan ana ing lawang-lawangé
gapuramu,
21 supaya kowé lan anak-anakmu
padha kaparingan umur dawa ing tanah

sing wis dijanjèkaké déning Pangéran
Allahmu marang para leluhurmu. Kowé
bakal tetep manggon ana ing tanah kono
selawasé bumi kaungkulan langit.
22 Dhawuh-dhawuh sing dakandharaké
marang kowé iki lakonana kanthi tlatèn:
Tresnaa marang Pangéran Allahmu,
èstokna dhawuh-dhawuhé, tetepa setya
marang Panjenengané.
23 Gusti Allah bakal nundhungi bangsa-
bangsa kabèh saka ing ngarepmu, lan
kowé bakal ngenggoni tanahé bangsa-
bangsa sing gedhé lan kekuwatané
ngungkuli kowé.
24 Tanah sing kokenciki mau bakal dadi
duwèkmu kabèh, wiwit saka segara
wedhi ing sisih Kidul bablas tekan
pegunungan Libanon ing sisih Lor, lan
saka Bengawan Éfrat ing sisih Wétan
tekan Segara Tengah ing sisih Kulon.
25 Gusti Allah bakal gawé girisé bangsa-
bangsa sing manggon ing tanah mau,
kaya sing dingandikakaké, mula ora ana
wong siji waé sing bisa ngalang-alangi
kowé.
26 Ing dina iki kowé padha miliha:
berkah apa paukuman.

27 Berkah, yèn kowé ngèstokaké
pepakon-pepakoné Allah, sing
dakandharaké ing dina iki.
28 Paukuman, yèn kowé nyepèlèkaké
pepakon-pepakoné Allah lan milih
nyembah marang brahala-brahala sing
durung tau koksembah.
29 Yèn Gusti Allah wis ngirid kowé
mlebu ing tanah sing kokenggoni mau
kowé kudu ngucapaké berkahmu ana ing
Gunung Gérizim lan paukuman ana ing
Gunung Ébal.
30 (Gunung loro mau dunungé ana ing
sakuloné Kali Yardèn, daérahé wong
Kenaan sing manggon ing Lebak Yardèn;
madhep ngulon, ora adoh saka papan
pangibadah Moré, cedhak kutha Gilgal.)
31 Ora suwé menèh kowé bakal padha
nyabrang ing Kali Yardèn lan ngenggoni
tanah sing diparingaké déning Pangéran
Allahmu marang kowé. Sawisé kokrebut
lan kokenggoni,
32 kowé padha ngèstokna sakèhé
dhawuh sing dakandharaké marang
kowé ing dina iki."

12 1 "Iki dhawuh-dhawuh sing kudu
kokéstokaké sajegé uripmu ing
tanah sing diparingaké déning Pangéran,

iya Allah sesembahané para leluhurmu
marang kowé. Dhawuh-dhawuh iki
rasak-rasakna!
2 Yèn kowé wis padha mlebu ing tanah
mau, kowé kudu nggempur papan-papan
pamujan, sing dienggo memuja brahala
déning bangsa-bangsa ing kono, yakuwi
ing gunung-gunung sing dhuwur, ing
punthuk-punthuk lan ing sangisoring
wit-witan sing ayom.
3 Mesbèh-mesbèhé gempuren lan
tugu-tuguné watu sing dianggep kramat
kuwi rubuhna. Lambang-lambangé
Dèwi Asyéra obongen lan reca-recané
remuken, supaya barang-barang mau
ora kena disembah-sembah menèh ing
papan kono.
4 Yèn kowé ngibadah marang Pangéran
Allahmu, aja kaya carané wong padha
nyembah marang brahala.
5 Ing salah-sijiné wilayahé taler-taler
Israèl, Allah bakal milih panggonan
pangibadah siji kanggo bangsa Israèl
kabèh, yakuwi panggonané bangsa
Israèl sujud manembahing negarané.
6 Ana ing panggonan kono kuwi kowé
kudu nyaosaké kurban-kurbanmu
obongan lan kurban-kurban liyané,

pisungsung prasepuluhan lan pisungsung
liyané, kurban ngluwari janji lan kurban
saos panuwun, sarta kurban sapi lan
wedhus anak sepisanan.
7 Ing panggonan kono, ing ngarsané
Allah sing mberkahi kowé, kowé bakal
padha mangan lan ngrasakaké rejeki
asilé kangèlanmu bebarengan karo
brayatmu.
8 Yèn wis mengkono, kowé aja duwé
pratingkah kaya saiki. Tekan sepréné
caramu ngibadah nganut ing senengé
atimu dhéwé,
9 merga kowé durung padha mlebu
ing tanah sing dijanjèkaké marang
kowé, yakuwi panggonanmu urip tanpa
kekurangan.
10 Sawisé kowé nyabrang Kali Yardèn,
Allah bakal mitulungi enggonmu ngrebut
lan ngenggoni tanah ing sabranging
kali kuwi. Panjenengané bakal ngayomi
kowé, lan ngedohaké saka mungsuh-
mungsuhmu, mula uripmu bakal
tentrem.
11 Gusti Allah bakal milih panggonan siji
kanggo ngibadah marang Panjenengané.
Kowé kudu mrono, samasa arep
nyaosaké pisungsung rupa apa waé

sing wis kadhawuhaké marang kowé,
yakuwi kurban obongan lan kurban
liya-liyané, pisungsung prasepuluhan lan
pisungsung-pisungsung istiméwa, sing
kokjanjèkaké kagem Pangéran.
12 Ana ing panggonan kono padha
bungah-bungaha ing ngarsané Allah,
bebarengan karo anak-anakmu, para
baturmu lan para wong Lèwi sing padha
manggon ing kuthamu, merga wong
Lèwi ora nampa panduman lemah ing
negaramu.
13 Kowé ora kena saos kurban ing
saenggon-enggon sing kokpilih dhéwé,
14 mung kena ing panggonan siji,
sing dipilih déning Allah, ing wilayahé
salah-sijiné taler. Ing panggonan kono
kowé kena saos kurban obongan lan apa
waé sing dakpréntahaké marang kowé.
15 Nanging yèn arep nyembelèh
kéwanmu lan mangan dagingé,
bébas; ana ing endi waé, ing papan
padununganmu, kena. Kowé kena
mangan sepira sing diparingaké déning
Allah marang kowé. Kowé kabèh, sing
miturut prenataning agama resik apa
ora, kena mangan daging mau, padha

kaya yèn kowé mangan daging kidang
utawa menjangan.
16 Nanging getihé kéwan aja pisan-pisan
kokpangan, kudu koksiramaké ing lemah
kaya banyu.
17 Sakèhing barang sing koksaosaké
dadi kurban marang Allah ora ana
siji waé sing kena kokpangan ana
ing omahmu, kayata: pisungsung
prasepuluhan gandum, anggur, lenga
zaitun, sapi utawa wedhus pembarep,
kurban kanggo ngluwari janji utawa
kaul, kurban saos panuwun, utawa
pisungsung-pisungsung liyané.
18 Kowé lan anak-anakmu, bebarengan
karo batur-baturmu lan para wong
Lèwi sing padha manggon ing kuthamu
yèn mangan pisungsung-pisungsung
mau kudu ana ing ngarsané Pangéran
Allahmu, yakuwi ing papan pangibadah
siji mau sing dipilih déning Pangéran
Allahmu. Ana ing panggonan kono
kowé kena bungah-bungah merga asilé
kangèlanmu.
19 Sing ngati-ati, aja nganti kowé
nyepèlèkaké kuwajibanmu tumrapé
wong Lèwi sajegé uripmu.

20 Yèn Pangéran Allahmu njembaraké
wates-watesé negaramu, kaya sing
dijanjèkaké, kowé kena padha mangan
daging samangsa-mangsa kowé
kepéngin.
21 Yèn panggonan ngibadah sing
dipilih déning Allah mau kadohan saka
omahmu, kowé kena nyembelèh sapi
utawa wedhusmu ing sawektu-wektu,
lan dagingé kena kokpangan ana ing
omahmu, kaya sing dakkandhakaké
marang kowé.
22 Saben wong, dadia sing resik, utawa
sing ora resik miturut prenataning
agama, kena mangan daging mau
padha kaya yèn kowé mangan daging
menjangan utawa kidang.
23 Mung daging sing isih ana getihé aja
kokpangan, merga nyawa kuwi enggoné
ana ing getih. Mulané kowé ora kena
mangan nyawa bareng karo dagingé.
24 Kowé aja pisan-pisan mangan getih.
Siramna waé kaya banyu ana ing lemah.
25 Gusti Allah bakal rena penggalihé
yèn kowé padha nglakoni prenatan kuwi.
Kowé lan anak-turunmu bakal padha
slamet.

26 Sakèhé kurban lan pisungsung
sing kokjanjèkaké marang Allah
kudu kokgawa menyang panggonan
pangibadah siji mau.
27 Kurban-kurban sing diobong nganti
entèk lan kurban-kurban sing dagingé
dipangan, kudu koksaosaké ing mesbèhé
Allah lan getihé disiramaké ing mesbèh
mau.
28 Apa sing didhawuhaké marang kowé
kuwi lakonana sing temenan. Kuwi gawé
renaning penggalihé Allah, mulané kowé
lan anak-turunmu bakal slamet ing
selawas-lawasé."
29 "Yèn kowé perang ngrebut negara,
Gusti Allah bakal numpes bangsa-bangsa
sing padha manggon ing kono, nganti
kowé bisa manggon ing kono.
30 Sawisé bangsa-bangsa mau ditumpes
déning Allah, uripmu kudu padha sing
ngati-ati. Kowé aja pisan-pisan kepéngin
ngerti carané bangsa-bangsa mau
nyembah brahalané, prelu arep koktiru.
Aja! Patrap sing kaya mengkono mau
pungkasané nuntun marang pati!
31 Caranè nyembah brahala kuwi aja
pisan-pisan koktiru kanggo nyembah
marang Allahmu, merga enggoné

manembah kuwi dikanthèni penggawé
rusuh, sing disengiti déning Allah.
Malah anak-anaké padha diobong
ing mesbèh, digawé kurban marang
brahala-brahalané.
32 Padha nglakonana sakèhing dhawuh
sing wis dakandharaké marang kowé:
aja koktambahi utawa kokelongi."
13 1 "Yèn ing tengahmu ana nabi
utawa dhukun sing kandha arep
gawé mujijat utawa kaélokan
2 sing maksudé supaya kowé padha
nyembah lan ngabekti marang brahala
sing durung tau koksembah, senajan
sing dikandhakaké mau kelakon
temenan,
3 aja kokgatèkaké. Wong kuwi diagem
déning Allah kanggo nyoba marang
kowé, apa kowé tresna temenan marang
Allah kanthi mantep apa ora.
4 Wong kaya mengkono kuwi kudu
kokpatrapi paukuman pati, merga arep
nasaraké kowé saka dhawuhé Allah
sing diparingaké marang kowé. Kuwi
wong duraka, sing ngajak kowé mbaléla
marang Allah, sing wis ngluwari kowé
saka ing tanah Mesir, panggonanmu
padha dadi batur-tukon. Dadiné wong

mau kudu dipatèni, supaya piala mau
aja mrèmèn-mrèmèn. Tetepa enggonmu
padha ngabdi marang Pangéran lan
ngurmati marang Asmané, èstokna
lan lakonana dhawuh-dhawuhé. Padha
tetepa ngabdi klawan setya marang
Panjenengané.
5 (13:4)
6 Yèn ing antarané sedulur-sedulurmu
utawa anak-anakmu lanang lan wadon
utawa bojomu utawa mitra-mitramu
ana sing mbujuk kowé, diajak nyembah
marang brahala-brahala sing durung
tau koksembah utawa disembah déning
leluhurmu, yakuwi brahala-brahala sing
disembah déning bangsa-bangsa sing
padha manggon cedhak utawa adoh
saka panggonan kono,
7 (13:6)
8 aja kokgugu lan kowé aja gelem
dibujuk. Wong mengkono kuwi aja
kokwelasi utawa kokéman,
9 nanging kudu kokpatèni. Kowé dhisik
sing kudu mbenturi wong mau nganggo
watu, lan wong liya-liyané kudu kokajak
mèlu mbenturi.
10 Wong sing salah kuwi kudu dibenturi
watu nganti mati! Sebab wong mau

arep ngedohaké kowé saka Pangéran
Allahmu, sing wis ngluwari kowé saka
ing tanah Mesir, panggonanmu biyèn
dadi batur-tukon.
11 Bangsa Israèl kabèh bakal krungu
bab lelakon kuwi, mula bakal padha
wedi, lan ora ana sing bakal wani
nindakaké piala mau menèh.
12 Yèn kowé mbésuk padha manggon
ing kutha-kutha sing diparingaké déning
Pangéran Allahmu marang kowé, bisa
uga kowé krungu kabar
13 yèn ana wong ala sawetara ing
tengahmu sing nasaraké wong-wong ing
kuthané, diajak nyembah brahala sing
durung tau koksembah sadurungé.
14 Yèn kowé krungu crita sing mengkono
kuwi, gatèkna lan titinen sing temenan.
Yèn wong-wong ing kutha mau pancèn
padha nyembah brahala,
15 kudu kokpatèni, tekan raja-kayané
pisan. Kutha mau kudu digempur nganti
ludhes.
16 Barang-darbèké kudu diklumpukaké
lan ditumpuk ing alun-alun, banjur kutha
lan samubarang sing ana ing njeroné
kudu diobong dadi kurban sumaos
marang Pangéran Allahmu. Kabèh mau

banjur kudu dienengaké waé supaya
selawasé dadi gempuran. Kutha mau ora
kena dibangun menèh.
17 Barang sing kena ing paukuman aja
pisan-pisan koksimpen, nanging kudu
koksirnakaké, supaya Gusti Allah ora
duka menèh, lan malah melasi marang
kowé. Panjenengané bakal mberkahi
kowé klawan loma, lan ndadèkaké kowé
bangsa gedhé, kaya sing dijanjèkaké
marang para leluhurmu,
18 angger kowé padha ngèstokaké
marang dhawuh-dhawuh sing
dakandharaké ing dina iki, lan
nglakoni apa sing dikersakaké."
14 1 "Kowé kuwi umaté Pangéran
Allahmu. Mulané yèn kowé
kepatèn, ora kena natoni kulitmu, utawa
nyukur sirahmu sing ngarep, kaya
carané bangsa-bangsa liyané.
2 Kowé kuwi umat kagunganÉ Pangéran
Allahmu. Saka ing antarané bangsa-
bangsa ing bumi kabèh, kowé sing dipilih
déning Allah dadi umat kagunganÉ."
3 "Kéwan sing dianggep karam déning
Allah, ora kena kokpangan.

4 Kéwan-kéwan sing kena kokpangan
yakuwi: sapi, wedhus gèmbèl, wedhus
jawa,
5 menjangan, kancil, kidang, lan
6 sakèhé kéwan sing tracaké belah lan
nggayemi.
7 Kéwan sing tracaké ora belah lan ora
nggayemi, ora kena kokpangan. Aja
mangan unta, trewèlu utawa marmut.
Kéwan-kéwan mau kudu dianggep
karam, merga senajan nggayemi,
nanging tracaké ora belah.
8 Aja mangan babi. Babi kuwi kudu
dianggep karam, merga senajan tracaké
belah, nanging ora nggayemi. Kéwan
mau ora kena dipangan. Senajan
bathangé pisan aja kokgepok.
9 Sakèhé iwak sing nganggo sirip lan
ana sisiké, kena kokpangan.
10 Kéwan sing urip ana ing banyu,
nanging ora nganggo sirip lan ora ana
sisiké, ora kena kokpangan, lan kudu
kokanggep karam.
11 Sarupané manuk sing ora karam
kena kokpangan.
12 Nanging ana manuk sawetara sing
ora kena kokpangan, yakuwi manuk
garudha, manuk beri, manuk-manuk

bangsané wulung, nasar, gagak, manuk
unta, camar, blekok lan bangsané bango,
undhan, manuk kasa lan bangsané
kalong.
13 (14:12)
14 (14:12)
15 (14:12)
16 (14:12)
17 (14:12)
18 (14:12)
19 Sarupané kéwan gumremet sing ana
swiwiné kudu kokanggep karam, dadi
ora kena kokpangan.
20 Kéwan gumremet sing ora karam,
kena kokpangan.
21 Kéwan sing matiné lumrah ora
kena kokpangan. Nanging wong manca
sing manggon ana ing tengahmu olèh
mangan. Lan kowé kena adol kéwan
mau marang wong manca ing endi waé.
Kowé kuwi umaté Allah, bangsa sing
dipilih kagem Allah piyambak. Cempéné
wedhus gèmbèl ora kena diolah bareng
karo banyu susuné embokné."
22 "Saben taun kowé kudu nisihaké
saprasepuluhé asilé panènanmu,
23 banjur lungaa menyang papan
pangibadah sing wis ditemtokaké déning

Pangéran Allahmu. Iya ana ing papan
kono, ing ngarsané Allah, kowé kudu
padha mangan kurban prasepuluhané
gandum, anggur, lenga zaitun lan sapi
sarta wedhus pembarep. Kuwi padha
lakonana, supaya ing saterusé kowé
padha sinau ngurmati Pangéran Allahmu.
24 Yèn papan pangibadah mau kadohen
saka ing omahmu, nganti kowé ora bisa
nggawa prasepuluhané asilé panènanmu
mrana,
25 barang-barang mau dolen lan dhuwit
pepayoné gawanen menyang papan
pangibadah.
26 Ana ing kono tukua apa sing
koksenengi, kayata: daging sapi,
cempé, anggur, bir, banjur panganen
karo bungah-bungah ana ing ngarsané
Pangéran Allahmu bebarengan karo
brayatmu.
27 Para wong Lèwi sing padha
manggon ing kuthamu aja koktégakaké.
Ngélingana yèn wong-wong kuwi padha
ora nampa panduman lemah.
28 Ing pungkasané saben telung taun,
prasepuluhaning asilé panènanmu
klumpukna ing kutha-kuthamu.

29 Kuwi bagéané wong Lèwi, merga
wong-wong mau padha ora nampa
panduman lemah. Kejaba kanggo wong
Lèwi pangan mau iya kanggo wong
neneka, bocah lola lan para randha
sing manggon ana ing kutha-kuthamu.
Wong-wong kuwi kena padha teka
lan njupuk apa waé sing dibutuhaké.
Yèn kowé padha nglakoni mengkono,
Pangéran Allahmu bakal mberkahi
pegawéanmu."

15 1 "Ing pungkasané saben taun
kapitu, kowé kudu nglilakaké apa
sing kokutangaké marang sedulurmu
wong Israèl.
2 Carané mengkéné: Saben wong
Israèl sing motangaké dhuwit marang
pepadhané wong Israèl, kudu nglilakaké
utang mau. Gusti Allah piyambak sing
nglilakaké utang mau, dadi kowé wis ora
kena nagih menèh.
3 Mung dhuwit sing koksilihaké marang
wong manca kuwi kena koktagih.
4 Pangéran Allahmu bakal mberkahi
kowé ana ing tanah sing diparingaké
marang kowé. Ing tengahmu bakal ora
ana wong miskin,

5 angger kowé padha ngèstokaké
dhawuhé Allah, lan nglakoni klawan
temenan prenatan-prenatan sing
dakandharaké marang kowé ing dina iki.
6 Kowé bakal padha diberkahi déning
Allah, kaya sing wis dijanjèkaké. Kowé
bakal motangaké dhuwit marang bangsa
pirang-pirang, nanging kowé dhéwé
ora prelu utang marang wong liya endi
waé. Kowé bakal ngwasani bangsa
pirang-pirang, nanging ora ana bangsa
siji waé sing ngwasani kowé.
7 Yèn kowé mbésuk wis manggon ing
tanah sing diparingaké déning Pangéran
Allahmu marang kowé, mangka ana ing
salah sijiné kuthamu ana sing nandhang
kekurangan, kowé aja mikir marang
awakmu dhéwé lan ora gelem awèh
pambiyantu marang wong mau.
8 Nanging padha wéwéha sing loma lan
sedulurmu mau utangana manut ing
kabutuhané.
9 Yèn sedulurmu nembung utang, aja
koktampik, kanthi alesan merga taun
nglilakaké piutang wis cedhak. Pikiran
ala sing mengkono mau aja nganti
tuwuh ing atimu. Yèn kowé ora gelem
ngutangi marang sedulurmu mau, wong

mau bakal ngaturaké tumindakmu mau
marang Allah, mula kowé dianggep luput
ana ing ngarsané Allah.
10 Wéwéha klawan loma lan sukalila,
temah Allah bakal mberkahi sakèhé
pegawéanmu.
11 Ing satengahé Israèl selawasé bakal
ana wong miskin lan wong sing ngrekasa
uripé. Mulané kowé dakpituturi supaya
padha sing loma pawèwèhmu marang
sedulurmu."
12 "Yèn ana wong Israèl, lanang utawa
wadon diedol utawa ngedol awaké
dhéwé, dadi batur-tukonmu, wong mau
kena ngladèni kowé nem taun; sawisé
kuwi ing taun kapituné, wong mau kudu
kokbébasaké.
13 Wong sing kokbébasaké mau aja
nganti kokkon lunga tanpa koksangoni.
14 Nanging kudu koksangoni saka
peparingé Allah marang kowé, kayata:
wedhus gèmbèl, gandum lan anggur.
15 Élinga yèn kowé dhéwé biyèn uga
dadi batur-tukon ana ing tanah Mesir
lan diluwari déning Pangéran Allahmu,
mulané prekara iki dakdhawuhaké
marang kowé.

16 Nanging yèn batur-tukonmu mau ora
gelem lunga, merga wis kebacut tresna
karo brayatmu lan krasan manggon ing
omahmu,
17 wong kuwi banjur gawanen menyang
lawanging omahmu. Ana ing kono
wong mau tindhiken kupingé, supaya
dhèwèkné selawasé urip dadi batur-
tukonmu. Semono uga batur-tukonmu
wadon digawéa kaya mengkono.
18 Yèn ngluwari batur-tukon aja karo
nggrundel, merga wis nem taun suwéné
wong mau ngladèni kowé, ajiné tikel
loroné karo batur lumrah. Prenatan iki
lakonana, supaya Gusti Allah mberkahi
sarupané pegawéanmu."
19 "Sapi lanang lan wedhus lanang
pembarep kuwi kudu kasaosaké marang
Allah. Sapi mau ora kena dienggo mluku,
lan wedhusé gèmbèl ora kena kokcukur
wuluné.
20 Saben taun kowé lan brayatmu kudu
mangan dagingé ana ing ngarsané
Allah, ing papan pangibadah, sing wis
ditemtokaké déning Allah.
21 Yèn kéwan mau cacad, kayata:
pincang utawa picak, utawa ana cacad
liyané, kéwan mau ora kena disaosaké

kanggo kurban marang Pangéran
Allahmu.
22 Mung kena kokpangan karo brayatmu
kabèh, iya sing resik miturut prenataning
agama, utawa sing ora, kabèh kena
mangan, kaya yèn kowé mangan
menjangan utawa kidang.
23 Nanging getihé ora kena kokpangan.
Kudu koksiramaké kaya banyu ing
lemah."
16 1 "Kowé padha nganakna kraméan
ing dina Paskah, ing sasi Abib,
kanggo ngurmati Pangéran Allahmu,
merga ing sasi kuwi nalika wayah bengi,
Allah ngluwari kowé saka ing tanah
Mesir.
2 Padha nindakna ibadah lan
nyembelèha wedhus utawa sapi,
panganen ing Riaya Paskah, kanggo
ngurmati Pangéran Allahmu.
3 Panganan Paskah mau kudu dipangan
karo roti sing digawé tanpa ragi. Pitung
dina suwéné kowé kudu mangan roti
tanpa ragi, caranéné mangan kudu karo
kesusu, kaya nalika kowé padha budhal
saka ing tanah Mesir. Roti sing disebut
rotiné kasangsaran kuwi panganen,
supaya sajegmu urip tansah kèlingan

marang dina nalika kowé budhal saka ing
tanah Mesir, panggonanmu nandhang
sengsara.
4 Sajroné pitung dina, wong sanegara
kabèh ora kena simpen ragi ing omahé.
Dagingé kéwan sing disembelèh ing
bengi kapisan kuwi kudu dientèkaké
sawengi kuwi.
5 Kéwan-kéwan sing dipangan ing Riaya
Paskah, kabèh kudu disembelèh ana
ing papan pangibadah, ora kena ing
panggonan liyané, ing negaramu, sing
diparingaké déning Allah marang kowé.
Enggonmu mangan kudu ing wayah
surup, kaya nalika kowé padha budhal
saka ing tanah Mesir.
6 (16:5)
7 Dagingé kéwan mau kudu kokgodhog,
banjur kudu kokpangan ing papan
pangibadah mau; ésuké kowé kudu bali
menyang omahmu dhéwé-dhéwé.
8 Sawisé iku nem dina suwéné kowé
kudu mangan roti tanpa ragi. Ing dina
kapituné kowé kudu ngumpul manembah
marang Pangéran Allahmu. Ing dina iku
kowé aja nyambut-gawé."
9 "Wiwit dinané kowé ngenèni
gandummu, ngétunga pitung minggu,

10 banjur nganakna Riaya Panèn kanggo
ngurmati Pangéran Allahmu. Ing dina
iku kowé nyaosna pisungsung panuwun
manut berkah sing koktampa.
11 Kowé padha bungah-bungaha ana
ing ngarsané Allah, ana ing papan
pangibadah siji mau, bebarengan karo
anak-anakmu, batur-baturmu lan wong
Lèwi, wong manca lan bocah lola
sarta wong randha sing manggon ing
kuthamu.
12 Prenatan iki lakonana sing temenan,
supaya kowé aja lali yèn kowé biyèn dadi
batur-tukon ing tanah Mesir."
13 "Yèn gandummu wis digiling kabèh,
lan wohé anggurmu wis rampung
diperes, kowé padha nganakna Riaya
Tarub Godhong, suwéné pitung dina.
14 Padha bungah-bungaha karo anak-
anakmu, para wong Lèwi, wong manca,
bocah lola lan para randha, sing padha
manggon ing kuthamu.
15 Enggonmu gawé kraméan kuwi
suwéné pitung dina, kanggo ngurmati
marang Pangéran Allahmu, ana ing
papan pangibadah. Padha bungah-
bungaha, merga Allah wis mberkahi
panènmu lan pegawéanmu.

16 Wong lanang ing Israèl kabèh
kudu sujud marang Allah ing papan
pangibadah kono setaun ping telu,
yakuwi ing dina Riaya Paskah, Riaya
Panèn lan Riaya Tarub Godhong. Saben
wong kudu nggawa sesaosan,
17 miturut kekuwatané lan miturut
enggoné kaberkahan déning Pangéran
Allahé."
18 "Ing saben kutha sing diparingaké
déning Pangéran Allahmu, kowé kudu
ngangkat hakim-hakim lan pegawé-
pegawé liyané, supaya ngerèh rakyat
klawan adil.
19 Yèn mutusaké prekara ora kena
sawenang-wenang utawa pilih kasih. Iya
ora kena nampani besel, merga besel
kuwi bisa marakaké wong dadi lali,
senajan wong sing wicaksana lan jujur
pisan, wusana enggoné gawé putusan
salah.
20 Lakumu sing jujur lan adil,
supaya pemanggonmu ing tanah sing
diparingaké déning Allah marang kowé,
tetep ing selawas-lawasé.
21 Yèn kowé yasa mesbèh kagem
Pangéran Allahmu, kejaba aja koksèlèhi
recané Dèwi Asyéra,

22 iya aja kokdegi tugu watu kanggo
nyembah brahala, merga Allah sengit
karo penggawé mengkono mau.
17 1 Sapi lan wedhus sing cacad aja
koksaosaké marang Allah, merga
Pangéran Allahmu sengit karo sesaosan
mau.
2 Yèn kowé krungu ing salah sijiné
kuthamu ana wong lanang utawa wadon
sawetara nglakoni dosa ing ngarsané
Allah,
3 nyembah brahala-brahala, srengéngé,
rembulan utawa lintang-lintang, kuwi
nerak marang dhawuhé Allah.
4 Kabar mau titipriksanen sing temenan.
Yèn kabar mau nyata, ateges kadurakan
wis kelakon ing Israèl,
5 wong-wong sing salah kuwi kudu
diklumpukaké ing njaban kutha lan
dibenturi watu nganti mati.
6 Semono uga yèn ana seksiné loro
utawa luwih. Yèn seksiné mung siji, ora
kena dipatèni.
7 Para seksi kudu mbenturi dhisik,
yèn wis, lagi wong-wong liyané mèlu
mbenturi. Srana cara mengkono kowé
mbrantas piala mau.

8 Yèn ana prekara sing ora bisa diputusi
déning hakim ing panggonan kono
merga prekarané angèl, kayata bab
milik, bab nganiaya, utawa raja-pati
sing dijarag utawa ora dijarag, padha
ngadhepa ing papan panembah sing wis
ditemtokaké déning Pangéran Allahmu.
9 Prekaramu mau ajokna marang
imam-imam Lèwi lan marang hakim sing
lagi tugas, karebèn diputusi prekarané.
10 Putusané mau kudu koktindakaké
klawan tliti, gatèkna apa sing
dikandhakaké marang kowé.
11 Putusané kuwi turutana, lan
prenatan-prenatané lakonana tekan
pérang-péranganė sing cilik pisan.
12 Sapa sing wani nglawan marang
putusané hakim utawa imam sing pinuju
tugas, kudu diukum pati. Srana cara
mengkono kowé mbrantas piala sing ana
ing Israèl.
13 Saben wong sing krungu bab lelakon
kuwi mesthi bakal wedi, mula ora ana
wong sing wani nglakoni piala mau."
14 "Yèn tanah sing dijanjèkaké déning
Pangéran Allahmu mau wis dadi
duwèkmu, lan kowé wis padha manggon
ana ing kana, bisa uga kowé kepéngin

duwé raja, kaya bangsa-bangsa ing
sakiwa-tengenmu.
15 Sing ngati-ati, supaya wong sing
kokpilih dadi raja kuwi wong sing dipilih
déning Allah. Kuwi kudu wong saka
ing antarané bangsamu dhéwé. Wong
manca aja kokdadèkaké rajamu.
16 Raja ora kena duwé jaran akèh-akèh
kanggo tentarané. Wong ora kena
kongkonan menyang Mesir tuku jaran,
merga Allah wis dhawuh, yèn umat
kagungané ora kena bali menyang tanah
Mesir.
17 Raja ora kena duwé bojo akèh-akèh,
supaya ora diedohaké saka Allah. Uga
ora kena numpuk kasugihan rupa slaka
lan emas.
18 Yèn wong ditetepaké dadi raja,
wong mau kudu diwènèhi Kitab Angger-
anggeré Allah sing isi dhawuh-dhawuh
lan piwulangé Allah, sing diturun saka
kitab asli, sing disimpen déning para
Imam Lèwi.
19 Kitab mau selawasé kudu disandhing
lan sajegé urip raja kudu maca kitab
mau, lan nganggo cara mengkono
ngurmati marang Allah lan klawan setya

netepi dhawuh-dhawuhé sing katulis ing
kitabé.
20 Yèn sregep maca, ora bakal raja mau
duwé penganggep yèn awaké dhéwé
luwih becik tinimbang karo wong-wong
Israèl liyané, lan ora gampang nylèwèng
saka dhawuhé Allah, ngiwa utawa
nengen. Mulané anak-turuné bakal dadi
pemimpiné Israèl turun-temurun."

18

1 "Wong Lèwi sing olèh tugas
dadi imam, ora kena nampa
panduman lemah. Kudu urip saka
pisungsung-pisungsung lan sesaosan
kurban liyané, sing diparingaké déning
Allah.
2 Ora kena duwé lemah kaya taler-taler
liyané. Pandumané yakuwi kaurmatan
enggoné dadi imam-imamé Allah, kaya
sing dijanjèkaké déning Allah.
3 Yèn ana wong saos kurban rupa
sapi utawa wedhus, sampilé ngarep,
wangé loro lan jeroané kudu diwènèhaké
marang imam.
4 Asilé gandum sing kawitan, anggur,
lenga zaitun lan wuluné wedhus sing lair
sepisanan kuwi iya bagéané para imam.

5 Ing antarané taler-taler Israèl, Allah
wis milih taler Lèwi dadi imam, sing
nindakaké tugas ing selawas-lawasé.
6 Yèn ana wong Lèwi saka salah
sijiné kutha ing Israèl teka ing papan
pangibadah sing wis dipilih déning Allah,
mangka kepéngin manggon ing kono,
7 wong mau kena dadi imamé Pangéran
Allahmu, kaya wong-wong Lèwi
liyané, sing nyambut-gawé ing papan
pangibadah kono.
8 Wong mau kudu nampa pangané,
ora béda karo imam-imam liyané, lan
apa waé sing dikirimaké brayaté, dadi
duwèké wong mau dhéwé."
9 "Yèn kowé manggon ing tanah sing
diparingaké déning Pangéran Allahmu,
kowé aja niru penggawé-penggawé
nistha sing dilakoni déning wong kapir
sing ana ing kana.
10 Aja ngurbanaké anak-anakmu ana
ing mesbèhmu. Ing antarané bangsamu
ora kena ana sing dadi tukang ramal,
juru tenung, dhukun sing migunakaké
pétungan,

11 tukang sihir utawa préwangan[l] sing
takon karo rohé wong mati.
12 Wong sing padha nglakoni penggawé
ala mau disengiti déning Pangéran
Allahmu, mula wong-wong mau
ditundhungi saka ing ngarepmu.
13 Mulané kowé padha ngabektia
marang Pangéran Allahmu kanthi
mantep."
14 Sawisé kuwi Musa banjur kandha,
"Ing tanah sing arep kokenggoni,
wong-wong padha nuruti pituduhé
dhukun lan juru pétung.[m] Nanging
Pangéran Allahmu ora marengaké kowé
nglakoni kaya mengkono.
15 Malah Panjenengané bakal ngutus
saka ing tengahmu, Nabi kaya aku iki.
Lan Nabi kuwi sing kudu kokéstokaké.
16 Ing dina nalikané kowé padha
nglumpuk ing Gunung Sinai, kowé
padha nyuwun supaya ora susah krungu
swarané Allah kang ngandika, lan
ndeleng Panjenengané ana ing geni sing
mulad-mulad, merga kowé padha wedi.

---

[l] préwangan: tiyang ingkang dipun anggep ngingah sétan, dukun.

[m] juru pétung: tiyang ingkang dipun anggep gadhah ngèlmu penasaran.

17 Merga saka kuwi Gusti Allah ngandika
karo aku, ‘Panyuwuné kuwi becik.
18 Aku bakal ngutus saka ing tengahé
bangsa iki, Nabi kaya kowé, Musa. Nabi
sing bakal Dakdhawuhi ngucapaké apa
sing kudu diucapaké lan sing bakal
nerusaké marang bangsa Israèl sakèhé
prekara sing Dakdhawuhaké.
19 Nabi mau bakal caturan kaya sing
Dakkersakaké, lan Aku bakal ngukum
saben wong sing ora nurut marang
dhèwèké.
20 Nanging yèn ana nabi sing wani
ngucapaké wangsit atas asma-Ku,
mangka ora Dakdhawuhi, bakal
kapatrapan paukuman pati merga
saka penggawéné mau. Mengkono uga
bakal kapatrapan ukum pati saben nabi
sing ngucapaké wangsit atas jenengé
brahala-brahala.’
21 Kepriyé bisané ngerti yèn sawijining
nabi kuwi utusané Allah apa dudu?
22 Yèn nabi mau ngucapaké wangsit
atas asmané Allah, mangka apa sing
dikandhakaké mau ora kelakon, wangsité
kuwi ora saka Allah. Enggoné ngucapaké
wangsit mau atas jenengé dhéwé,

mulané kowé ora susah wedi karo wong
kuwi."

19
1 "Sawisé bangsa-bangsa kuwi
ditumpes déning Pangéran
Allahmu lan tanahé diparingaké marang
kowé, kutha-kuthané bangsa-bangsa
mau banjur rebuten lan omah-omahé
enggonana.
2 Wilayah kono kudu kokpérang dadi
telung bagéan; saben bagéan kudu ana
kuthané pangungsèn, sing gampang
dienggo ngungsi. Yèn ana wong sing
ora kejarag nyebabaké patiné wong liya,
sing dudu mungsuhé, wong kuwi bisa
ngungsi ing salah sijiné kutha mau.
3 (19:2)
4 (19:2)
5 Upamané mengkéné: ana wong loro
bebarengan negor kayu ing alas. Nalika
sing siji madung, wadungé mlesat saka
garané, ngenani wong sijiné nganti mati.
Wong sing tanpa dijarag nyebabaké
patiné kancané kuwi kena mlayu golèk
pangungsèn ana ing salah sijiné kutha
telu mau.
6 Yèn kuthané pangungsèn mung siji,
bisa uga kadohan, temah seduluré wong
sing mati, sing kudu males, bisa ngoyak

sing matèni, lan sajroning nepsuné
gentèn matèni wong sing satemené ora
salah mau. Mangka sanyatané enggoné
nyebabaké patiné kancané mau ora
dijarag.
7 Mulané aku mrayogakaké, supaya
kowé milih kutha telu.
8 Yèn Pangéran Allahmu njembaraké
wilayahmu, kaya sing dijanjèkaké
marang leluhurmu, lan tanah mau kabèh
wis kokenggoni,
9 kowé padha miliha kutha telu liyané
menèh. (Tanah kuwi bakal diparingaké
marang kowé, yèn kowé padha nglakoni
sakèhé prenatan sing dakdhawuhaké
ing dina iki marang kowé, lan yèn kowé
ngasihi Pangéran Allahmu, sarta netepi
sakèhé piwulangé.)
10 Dhawuh iki lakonana, supaya kowé
ora gawé dosa merga matèni wong sing
ora salah, ana ing tanah sing diparingaké
Allah marang kowé.
11 Nanging saupama ana wong nyegat
mungsuhé lan njarag matèni mungsuhé
mau, banjur mlayu golèk slamet ing
kutha pangungsèn,
12 para penggedhéné kutha kono kudu
ngundang wongé lan masrahaké wong

mau marang kulawarga sing wenang
males, supaya wongé diukum pati.
13 Wong kuwi aja kokwelasi. Wong sing
mematèni kudu disirnakaké saka ing
tanah Israèl, supaya kowé kabèh padha
slamet."
14 "Yèn kowé wis mlebu ing tanah sing
diparingaké déning Pangéran Allahmu,
aja pisan-pisan kowé ngelih tapel watesé
tanggamu, sing wis ditemtokakaé dhèk
jaman biyèn."
15 "Kanggo netepaké kaluputané wong,
ora cukup yèn seksiné mung siji;
sethithik-thithiké kudu loro.
16 Yèn ana wong ndakwa marang wong
liyané lan nggugat prekara apa waé,
17 loro-loroné kudu digawa ngadhep ing
papan pangibadah sing wis dipilih déning
Allah, supaya prekarané diadili déning
para imam lan para hakim, sing mbeneri
tugas ana ing kono.
18 Para hakim kudu nitipriksa prekarané
klawan tliti, lan yèn pandakwa mau ora
nyata,
19 wong sing mitenah pepadhané wong
Israèl mau kudu diukum. Ukumané
padha aboté karo ukuman sing dirancang
kanggo sing dipitenah. Nganggo cara

mengkono kowé bakal mbrantas piala
mau.
20 Saben wong sing krungu lelakon
mau bakal wedi. Srana mengkono wong
liya-liyané bakal ora wani nindakaké
piala menèh.
21 Wong sing tumindaké ala mau aja
kokwelasi. Paukuman kuwi sejatiné
males utawa ngijoli; mulané nyawa kudu
diijoli njawa, mripat diijoli mripat, untu
diijoli untu, tangan diijoli tangan, sikil
diijoli sikil."
20 1 "Yèn kowé nglurug perang
nyerang mungsuhmu, kowé
aja wedi ndeleng cacahé kréta lan
jarané, lan akèhé balané sing ngungkuli
cacahé balamu. Pangéran Allahmu, sing
ngluwari kowé saka ing tanah Mesir
bakal ngréwangi enggonmu perang.
2 Sadurungé maju ing perang kudu ana
imam sing ndhawuhaké sabdané Allah
mengkéné,
3 ‘Para sedulur, wong Israèl, padha
rungokna! Ing dina iki kowé arep
maju perang. Aja wedi karo mungsuh-
mungsuhmu, aja cilik atimu lan aja
gugup.

4 Pangéran Allahmu bakal perang,
bareng karo kowé, lan Panjenengané
bakal maringi kemenangan karo kowé!’
5 Para perwira kudu kandha karo
para prejurit mengkéné, ‘Apa ana ing
tengahmu sing lagi ngedegaké omah,
nanging durung ngeslupi omah mau?
Yèn ana, wong kuwi kudu bali, supaya
dhèwèké aja mati ing perang, lan wong
liya ngenggoni omahé.
6 Apa ana ing antaramu sing lagi yasa
pakebonan anggur lan durung kober
methik wohé? Yèn ana, wong mau
kudu mulih, supaya wong kuwi aja
mati ing peprangan, lan wong liya sing
ngrasakaké kanikmatané angguré.
7 Apa ana ing antaramu sing lagi
pacangan lan arep kawin? Yèn ana,
wong kuwi kudu mulih, supaya aja
mati ing peprangan, wong liya ngepèk
pacangané.’
8 Para perwira uga kudu kandha karo
para prejurité mengkéné, ‘Apa ing
tengahmu ana sing jirih lan miris ing
ati? Yèn ana wong kuwi kudu mulih.
Sebab yèn ora, wong mau bakal ngrusak
semangaté kancané prejurit.’

9 Sawisé para perwira kandha
mengkono marang para prejurit, banjur
dianakaké pilihan, milih komandhan
kanggo saben klompok.
10 Yèn kowé perang arep ngrebut
sawijining kutha, rakyaté ajaken
bedhami[n] dhisik.
11 Yèn gelem teluk lan mbukak
gapurané, rakyat ing kutha mau kudu
kokdadèkaké batur-tukonmu lan kudu
nyambut-gawé kanggo kowé.
12 Nanging yèn rakyaté kutha mau ora
gelem teluk malah milih perang, kutha
kuwi banjur kepungen.
13 Yèn Pangéran Allahmu ngulungaké
kutha mau marang kowé, wongé lanang
kudu kokpatèni kabèh.
14 Nanging wongé wadon, bocah-bocah,
raja-kaya lan apa waé sing ana ing kutha
kono kena kokjupuk, lan kokpèk dhéwé.
Apa waé sing dadi duwèké mungsuhmu
kena kokpèk, merga Pangéran Allahmu
wis ngulungaké kuwi mau kabèh marang
kowé.
15 Kaya mengkono enggonmu kudu
matrapi kutha-kutha, sing adoh papané

---

[n]bedhami: rembagan, damai (bhs. Ind.).

saka ing tanah sing bakal diparingaké
marang kowé.
16 Nanging yèn kowé nelukaké kutha-
kutha ing tanah sing diparingaké
Allahmu marang kowé, rakyaté kudu
kokpatèni kabèh.
17 Bangsa mau kudu koktumpes
kabèh. Yakuwi: bangsa Hèt, Amori,
Kenaan, Fèris, Hèwi lan Yébus, kaya sing
didhawuhaké déning Allah marang kowé.
18 Kudu koktumpes kabèh, supaya kowé
ora keluputan marang Allah, merga
enggonmu kèlu marang piwulangé
lan nglakoni prekara-prekara sing
nistha, sajroné manembah marang
brahala-brahalané.
19 Yèn kowé arep nelukaké sawijining
kutha, aja negori wit-witané sing
metokaké woh sing maédahi, senajan
pangepungmu mau banjur dadi suwé.
Wohé panganen, nanging wit-witané aja
kokrusak, merga wit-witan kuwi dudu
mungsuhmu.
20 Wit-witan liyané sing ora metokaké
woh sing maédahi kena koktegor lan
kayuné kokenggo pager mubeng, nganti
kuthané kena kokrebut."

21

[1] "Yèn ing tanah sing arep
diparingaké déning Pangéran
Allahmu marang kowé, ana wong
dipatèni ing pategalan, mangka ora ana
sing ngerti sapa sing matèni,
[2] penggedhé ing kutha kono lan
hakimmu kudu teka lan ngukur pira
adohé panggonané mayité wong sing
dipatèni mau tekan saben kutha sing
cedhak karo panggonan kono.
[3] Para penggedhéné kutha sing cedhak
dhéwé karo panggonan mau nuli kudu
njupuk sapi nom, sing durung tau
dienggo megawé,
[4] banjur digawa menyang sapinggiring
kali sing banyuné mili, ing panggonan
sing lemahé durung tau digarap utawa
ditanduri. Ana ing panggonan kono
guluné sapi mau kudu diputung.
[5] Para Imam Lèwi kudu mèlu mrono,
merga dhèwèkné sing kudu mutusi
sakèhing prekara tukar-padu utawa
raja-pati.[o] Para imam iki wis dipilih
déning Pangéran Allahmu kanggo
ngladosi Panjenengané lan nglantaraké
berkah atas Asmané.

---

[o] raja-pati: pasulayan ingkang damel pepejah.

6 Para penggedhéné kutha mau kudu
wisuh tangan ing sandhuwuré sapi mau
7 karo ngucap, ‘Sanès kula ingkang
mejahi tiyang menika, lan kula mboten
sumerep sinten ingkang tumindak.
8 Gusti, mugi kersa ngapunten Israèl,
umat Paduka, ingkang sampun Paduka
luwari saking tanah Mesir. Kersaa paring
pangapunten dhateng kula sedaya, lan
kula sampun ngantos kapurih nanggel
kalepatanipun tiyang ingkang mejahi
tiyang leres.’
9 Srana enggonmu nglakoni dhawuhé
Allah sing mengkono mau, kowé ora
diwajibaké mikul tanggung jawab merga
patiné wong mau."
10 "Yèn kowé diparengaké menang ing
perang déning Pangéran Allahmu, lan
nawan mungsuh,
11 mangka ing antarané wong tawanan
mau ana wongé wadon ayu, sing arep
kokpèk bojo,
12 wong kuwi gawanen mulih ing
omahmu. Konen ngethok rambut lan
kukuné,
13 sarta salin sandhangan. Ana ing
omahmu kono wong mau kudu nangisi

wong tuwané sing mati sesasi. Yèn wis
mengkono wong mau kena kokpèk bojo.
14 Yèn ing tembé mburi kowé ora seneng
karo wong mau, kudu kokkon lunga kaya
wong merdika. Ora kena kokanggep
batur-tukon lan kokedol, merga wong
mau wis kokpeksa, kokturoni."
15 "Yèn ana wong duwé bojo loro,
mangka loro-loroné duwé anak lanang,
nanging sing lair dhisik ora saka bojo
sing dikasihi.
16 Wong mau yèn arep ngedum warisan
marang anak-anaké, ora kena mènèhi
marang anaké bojo sing dikasihi
panduman sing dadi wewenangé anak
pembarep.
17 Anaké lanang sing pembarep kudu
diwènèhi panduman tikel loroné anak
lanang liyané, senajan anak pembarep
mau dudu anaké bojo sing dikasihi.
Wewenangé anak pembarep kudu
diakoni déning bapakné, lan anak mau
kudu diwènèhi warisan sing dadi haké
miturut hukum."
18 "Yèn ana wong duwé anak lanang
nakal, sing gawéné nglawan lan ora
manut karo pituturé wong tuwané,
senajan wis diajar,

19 wong mau kudu nggawa anaké
ngadhep para penggedhéné kutha kono
lan njaluk supaya anaké sing nakal mau
diadili,
20 karo muni mengkéné, ‘Anak kula
niki nakal, damelé nglawan lan mboten
manut pituturé tiyang sepuh. Damelé
ngecèh-ecèh arta lan remenané
endem-endeman.’
21 Wong-wong lanang ing kutha kono
kudu mbenturi bocah mau nganggo
watu, nganti mati. Mengkono carané
enggonmu mbrantas piala mau, supaya
saben wong ing Israèl sing krungu bab
lelakon mau padha wedi."
22 "Yèn ana wong diukum pati merga
nglakoni piala, lan mati digantung ing
kayu,
23 mayité ora kena gumantung sewengi
muput, nanging kudu dikubur ing dina
iku uga, merga mayit sing gumantung
mau nekakaké paukuman ing tanah
kono. Mayit kuwi kuburen, supaya kowé
ora gawé regedé tanah sing diparingaké
déning Pangéran Allahmu marang kowé.

22 1 Yèn kowé weruh sapi utawa
wedhusé wong Israèl kesasar,
aja éthok-éthok ora weruh, nanging

tuntunen menyang panggonané sing
duwé.
2 Nanging yèn sing duwé omahé adoh,
utawa kowé ora weruh omahé, kéwan
mau gawanen mulih menyang omahmu.
Yèn sing duwé teka nggolèki, kéwan
mau pasrahna.
3 Kaya mengkono uga yèn kowé nemu
kuldi, sandhangan utawa apa waé sing
dadi duwèké sedulurmu tunggal bangsa.
4 Yèn ana kuldi utawa sapiné sedulurmu
tunggal bangsa ambruk ing dalan, kowé
aja éthok-éthok ora weruh, nanging
réwangana nangèkaké kéwan mau.
5 Wong wadon aja menganggo kaya
wong lanang, lan wong lanang aja
menganggo kaya wong wadon, merga
Pangéran Allahmu sengit karo wong sing
nyandhang kaya mengkono.
6 Yèn kowé nemu susuh manuk ing wit
utawa ing lemah, mangka manuké lagi
ngengremi endhogé utawa piyik-piyiké,
manuk mau aja kokjupuk.
7 Piyik-piyiké kena kokjupuk, nanging
mboké culna karebèn mabur, supaya
dawa umurmu lan uripmu ora
kekurangan.

8 Yèn kowé ngedegaké omah, payoné
kudu kokpageri mubeng, dadi kowé ora
kesalahan yèn ana wong tiba saka payon
lan mati.
9 Aja nandur tanduran liya jèjèr karo
witmu anggur. Yèn meksa koktandur
kowé aja ngundhuh wohé wit mau utawa
wohé anggurmu.
10 Sapi lan kuldi aja kokdadèkaké
sapasangan kokenggo mluku.
11 Benang wol karo benang kapas aja
koktenun bebarengan dadi bakal siji.
12 Ing pojok-pojoké jubahmu wènèhana
gombyok."
13 "Yèn ana wong lanang kawin karo
prawan, nanging banjur ora seneng karo
prawan mau,
14 mangka banjur gawé pandakwa palsu
marang sing wadon, yèn wong wadon
kuwi nalika dikawin wis ora prawan.
15 Wong tuwané bocah wadon mau kudu
njupuk tilas sandhanganè pengantèn
sing ana tilasé getih, kanggo mbuktèkaké
yèn bocah wadon mau nalika kawin isih
prawan. Sandhangan sing ana tipaké
getih mau kudu digawa menyang papan
pengadilan lan dituduhaké marang para
pinituwané kutha kono.

16 Bapakné bocah wadon mau kudu kandha karo para pinituwa, ‘Anak kula èstri sampun kula ningkahaken kaliyan tiyang jaler menika, nanging samenika tiyang jaler menika mboten remen.
17 Piyambakipun damel pandakwa palsu dhateng anak kula, mestani anak kula nalika kawin sampun sanès prawan. Sumangga kula aturi mirsani tipak rah ingkang wonten ing sandhanganipun pengantèn!’
18 Para pinituwané kutha kudu nekakaké wong lanang sing gawé pandakwa palsu mau, nuli digebugi.
19 Sawisé mengkono wongé dikon mbayar dhendha satus dhuwit slaka, merga wis gawé wirangé wong wadon Israèl. Dhuwité mau déning para pinituwa dipasrahaké marang bapakné bocah wadon mau. Bocahé wadon mau kudu tetep dadi bojoné wong sing didhendha, lan ora kena dipegat selawasé urip.
20 Nanging saupama pandakwa mau nyata, lan ora ana bukti sing nélakaké yèn bocahé wadon nalika kawin isih prawan,

21 bocah wadon mau kudu digawa
menyang lawangé omahé bapakné lan
kabèh wong lanang ing kutha kono kudu
mbenturi bocah wadon mau nganggo
watu nganti mati, merga bocah wadon
mau wis nindakaké prekara sing ngisin-
isinaké bangsa Israèl kabèh, yakuwi laku
jina ana ing omahé bapakné. Srana cara
mengkono kowé padha mbrantas piala
mau.
22 Yèn ana wong lanang konangan
lagi nuroni bojoné wong liya, wong
loro lanang wadon mau kudu diukum
pati. Srana cara mengkono kowé bakal
mbrantas piala sing kaya ngono.
23 Yèn ana wong lanang konangan
lagi nuroni prawan ing sawijining
kutha, mangka prawan mau wis duwé
pacangan,
24 wong lanang lan prawan mau loro-
loroné kudu digawa metu saka kutha lan
dibenturi watu nganti mati. Prawan mau
kudu dipatèni, merga ora bengok-bengok
njaluk tulung, ing ngatasé ana ing kutha,
sing wong-wongé mesthi padha krungu.
Déné wongé lanang kudu dipatèni,
merga nuroni prawan sing wis duwé

pacangan. Nganggo cara mengkono
kowé bakal mbrantas piala mau.
25 Saupama ana wong lanang, ana ing
pategalan nuroni kanthi rodha-peksa
prawan sing wis duwé pacangan, wongé
lanang sing kudu diukum pati.
26 Prawané ora kena dikapak-kapakaké,
merga ora nglakoni prekara sing kudu
diukum pati; padha kaya yèn wong
lanang diserang wong lanang liyané arep
dipatèni.
27 Wong wadon mau olèhé dirodha-
peksa rak ana ing pategalan, dadi
senajan bengok-bengok njaluk tulung,
iya ora ana wong sing krungu.
28 Saupama ana wong lanang kepregok
lagi nuroni prawan sing durung duwé
pacangan klawan rodha-peksa,
29 wong lanang mau kudu mbayar
dhendha marang bapakné bocah wadon
mau sèket dhuwit slaka, lan bocah
wadon mau kudu dikawini, merga wis
dirodha-peksa, lan ora kena dipegat
selawasé urip.
30 Wong ora kena nuroni salah sijiné
bojoné bapakné, merga penggawé sing
mengkono kuwi ngrèmèhaké bapakné."

23 1 "Wong lanang sing dikebiri
utawa sing zakaré dikethok ora
kena dikatutaké dadi umaté Allah.
2 Anak jadah lan anak-anaké tekan
turunan ping sepuluh ora kena diélokaké
dadi umaté Allah.
3 Wong Amon lan wong Moab sarta
anak-turuné tekan turunan ping sepuluh
ora kena dikatutaké dadi umaté Allah,
4 sebab wong-wong mau ora gelem
awèh mangan lan ngombé marang kowé,
nalika kowé nglembara sawetumu saka
tanah Mesir. Wong-wong mau malah
nyéwa Biléam saka kutha Pétor ing tanah
Mésopotamia, supaya ngipat-ipati kowé.
5 Nanging Pangéran Allahmu ora kersa
midhangetaké Biléam. Kosokbaliné
malah nyalini ipat-ipat mau dadi berkah,
merga Panjenengané ngasihi kowé.
6 Selawasé kowé dadi bangsa, aja pisan-
pisan gawé becik karo bangsa-bangsa
mau utawa mbiyantu kemakmurané.
7 Kowé aja ngrèmèhaké wong Édom,
merga kuwi sedulurmu. Semono uga aja
nyepèlèkaké marang wong Mesir, merga
kowé wis tau mondhok ana ing tanahé.
8 Turuné sing katelu lan saterusé kena
dikatutaké dadi umaté Allah."

9 "Ing mangsa perang kowé kudu
njaga supaya kowé padha resik miturut
prenatané agama.
10 Yèn ana wong lanang sing ing wayah
bengi, merga ngimpi, ngetokaké mani,
wong mau kudu metu saka papan
palèrènan lan manggon ing njaba.
11 Ngarepaké soré wong mau kudu adus
lan yèn srengéngéné wis surup kena bali
ing omahé.
12 Kowé kudu gawé papan kotoran ing
sanjabané papan palèrènan.
13 Kowé kudu sangu pacul kanggo
ngedhuk panggonan sing arep kokenggo
bebuwang. Yèn wis rampung enggonmu
bebuwang, panggonan mau kudu
kokurugi menèh.
14 Udinen supaya papan palèrènanmu
tansah resik miturut prenataning agama,
merga Pangéran Allahmu nunggil karo
kowé ana ing papan palèrènanmu, paring
pangayoman lan nelukaké mungsuh-
mungsuhmu. Aja nglakoni sing ora patut
ing ngarsané Allah, supaya kowé ora
ditampik déning Panjenengané."
15 "Yèn ana batur-tukon minggat saka
omahé bendarané, njaluk pangungsèn

marang kowé, aja pisan-pisan kokkon
bali.
16 Wong mau kena manggon ana ing
kuthamu sing dipilih dhéwé lan aja
pisan-pisan koksiya-siya.
17 Wong Israèl, lanang utawa wadon,
ora kena dadi pelacur ana ing papan
pamujané brahala-brahala.
18 Dhuwit olèh-olèhané dadi pelacur
ora kena digawa menyang Kémah Suci
kanggo ngluwari janji, merga Allah
sengit karo para pelacur ing papan
pamujané para brahala.
19 Kowé kena nganakaké dhuwit sing
kokutangaké marang wong manca.
Nanging ora kena njaluk anakan dhuwit
sing kokutangaké sedulurmu tunggal
bangsa. Dhawuh iki èstokna, temah
Pangéran Allahmu bakal mberkahi
sakèhé pegawéanmu ing tanah sing
kokenggoni mau.
20 (23:19)
21 Yèn kowé janji apa-apa marang
Pangéran Allahmu kudu énggal
kokleksanani, aja diendhé-endhé,[p]
merga Allah bakal tetep mundhut

---

[p]diendhé-endhé: dipun ulur-ulur wancinipun, ditunda-tunda (bhs. Ind.).

apa sing kokjanjèkaké mau, lan kowé
kedosan yèn ora netepi.
22 Yèn kowé ora janji, malah kowé ora
keluputan,
23 nanging yèn janjimu kanthi
manasuka, janji kuwi wajib koktetepi.
24 Yèn kowé mlaku ngliwati kebon
angguré wong, kowé kena mangan wohé
anggur ing kono sewaregmu, nanging
ora kena madhahi ing kranjang.
25 Yèn kowé mlaku ngliwati pategalan
gandumé wong, kowé kena mangan
gandumé sing kena kokranggèh nganggo
tanganmu, nanging enggonmu njupuk
ora kena nganggo arit, senajan mung
sethithik."
24 1 "Yèn ana wong lanang kawin,
mangka banjur ora seneng karo
bojoné mau, merga pratingkahé sing
ngisin-isinaké, wong lanang mau kena
mènèhi layang pegat marang somahé
lan akon wong wadon mau lunga saka
omahé.
2 Nanging menawa wong wadon mau
kawin menèh karo wong liya,
3 lan wong lanang sing kari mbésuké
uga ora seneng karo wong wadon mau,
sarta mènèhi layang pegat, sarta akon

wong wadon mau lunga saka ing omahé,
mangka wongé lanang sing kapindho
mau mati.
4 Wong lanang sing kapisan ora kena
ngawini wong wadon mau menèh. Wong
wadon kuwi kudu dianggep wong sing
wis dirusuhi. Saupama wong wadon
mau meksa dikawini, penggawéné kuwi
ngrèmèhaké marang Allah. Kowé ora
kena gawé dosa sing kaya mengkono
ana ing tanah sing arep diparingaké
déning Pangéran Allahmu marang kowé."
5 "Yèn ana wong lanang mentas
omah-omah, wong mau ora kena dikon
mèlu perang utawa nglakoni kuwajiban
umum liyané. Wong mau kena ana ing
omahé setaun, gawé senengé atiné
bojoné.
6 Yèn ana wong motangaké, ora kena
njaluk tanggungan rupa watu gilingan
sing kanggo nggiling gandum. Merga
yèn watu piranti nggiling gandum kuwi
dijupuk, wong mau ora bisa nggiling
gandumé sing prelu dipangan kanggo
urip.
7 Yèn ana wong nyulik pepadhané
tunggal bangsa didadèkaké baturé
utawa diedol kaya batur-tukon, wong

mau kudu diukum pati. Srana cara
mengkono kowé mbrantas piala mau.
8 Yèn kowé nandhang lara kusta, kowé
kudu nglakoni apa sing didhawuhaké
déning para imam Lèwi. Pituduh-
pituduhé turuten.
9 Élinga marang pangandikané Pangéran
Allahmu marang Miryam nalika kowé
padha metu saka ing tanah Mesir.
10 Yèn kowé ngutangi wong, aja mlebu
omahé njupuk sandhangané wong mau,
sing arep dicekelaké marang kowé
minangka tanggungan.
11 Kowé nunggonana ing njaba, supaya
wongé dhéwé sing nggawa, nampakaké
marang kowé.
12 Yèn wongé mau wong sing ora duwé,
bengi kuwi sandhangan mau ora kena
koksimpen ing omahmu,
13 nanging saben bengi kudu
kokbalèkaké, supaya kena dienggo
kemul turu. Wong mau bakal mujèkaké
becik marang kowé lan Pangéran
Allahmu bakal rena penggalihé karo
kowé.
14 Kowé ora kena ngelongi opahé wong
miskin sing ngrekasa uripé, iya wong

Israèl utawa wong manca sing manggon
ing kuthamu.
15 Saben dina, sadurungé srengéngé
surup, kowé kudu mbayar opahé
buruhmu kanggo dina kuwi. Wong-wong
mau njagagaké dhuwit opahé nyambut-
gawé kanggo nyukupi kebutuhané. Yèn
opahé ora kokbayar, wong mau bakal
sesambat marang Allah ing ngatasé
kowé, lan kowé bakal dadi salah.
16 Kowé aja matèni wong tuwa merga
keluputané anak-anaké, lan aja matèni
anak merga keluputané wong tuwané.
Wong mung kena diukum pati merga
keluputané dhéwé.
17 Kowé aja ngrampas haké wong
manca lan bocah lola; sandhanganė
randha ora kena kanggo tanggungan.
18 Élinga, yèn kowé wis tau dadi
batur-tukon ing tanah Mesir lan wis
diluwari déning Pangéran Allahmu.
Mulané kowé diparingi prenatan iki.
19 Yèn kowé ngenèni gandummu lan
isih ana sing kecècèr, aja kokbalèni.
Lilakna kanggo wong manca lan bocah
lola, sarta para randha, supaya kowé
diberkahi déning Pangéran Allahmu ing
sakèhing penggawému.

20 Witmu zaitun lan kebon anggurmu
mung kena kokundhuh sepisan. Aja
kokbalèni nglumpukaké sing isih kari.
Sing kari kuwi bagéané wong manca,
bocah lola lan para randha.
21 (24:20)
22 Aja pisan-pisan kowé lali, yèn biyèn
kowé tau dadi batur-tukon ana ing Mesir.
Mulané kowé dakparingi prenatan iki."

25

1 Yèn ana wong Israèl loro padha
prekaran ana ing pengadilan, sing
siji ditetepaké bener, sijiné salah,
2 sing salah mau yèn diukum gitik,
hakim kudu akon wong mau mengkureb.
Cacahé olèhé nggitik gumantung karo
keluputané.
3 Kena tekan patang puluh, nanging
ora kena luwih. Yèn nganti luwih, kuwi
ateges ngina marang wong mau ing
ngarepé wong akèh.
4 Sapi sing dienggo nggiles gandum
cangkemé aja dibrangus.
5 "Yèn ana wong lanang loro padha
sedulur lan tunggal sapanggonan,
mangka salah siji tinggal-donya, ora
ninggal anak, kuwi randhané ora kena
dipèk wong liya kejaba kulawargané.

Seduluré lanang kudu ningkah randhané
mau.
[6] Anak lanang pembarep saka ningkah
mau kudu dianggep anaké wong sing wis
mati, supaya sing mati mau duwé turun
ing antarané bangsa Israèl.
[7] Nanging yèn seduluré lanang wong
sing mati mau ora gelem ngepèk
randhané, randha kuwi kudu ngadhep
marang para pinituwa ing sekèthèngé[q]
kutha kono lan kandha, ‘Ipé kula
mboten purun nglampahi kuwajibanipun
nggesangaken namaning sedhèrèkipun
ing Israèl.’
[8] Para pinituwané kutha kono kudu
ngundang ipé mau dijak rembugan. Yèn
dhèwèkné meksa ora gelem ngawini
randhané seduluré mau,
[9] wong wadon mau ana ing ngarepé
para pinituwa kudu nyopot sandhalé
ipéné, ngidoni rainé lan kandha,
‘Mengkéné iki jalukané wong lanang
sing ora gelem awèh turunan marang
seduluré.’
[10] Kulawargané wong mau ing Israèl
bakal ketelah, ‘Kulawargané wong sing
dicopot sandhalé!’"

---

[q]sekèthèng: gapura butulan ing bètèng nglebet.

11 "Yèn ana wong lanang loro lagi gelut,
mangka bojoné sing siji arep ngréwangi
sing lanang srana mbethot kawiranganéʳ
wong lanang sijiné,
12 wong wadon mau aja kokwelasi.
Tanganè kethoken.
13 Kowé ora kena ngapusi nganggo
bandhul timbangan utawa nganggo
ukuran palsu.
14 (25:13)
15 Migunakna timbangan lan mèteran
sing pas lan bener, supaya kowé
kaparingan umur dawa déning Pangéran
Allahmu, ing tanah sing diparingaké
marang kowé.
16 Gusti Allah sengit marang wong
ngapusi."
17 "Aja lali karo penggawéné wong
Amalèk marang kowé, nalika kowé teka
saka tanah Mesir.
18 Wong-wong kuwi ora padha wedi
marang Allah, lan wis nyerang marang
kowé saka mburi, yakuwi nalika kowé
lagi kesayahen lan kentèkan tenaga;
wong-wong sing mlaku ana ing mburi
padha dipatèni kabèh.

ʳkawiranganè: kemaluan (bhs. Ind.).

19 Mulané yèn Pangéran Allahmu wis maringaké tanah mau marang kowé, lan wis ora ana mungsuh sing manggon ing kiwa-tengenmu, wong Amalèk kuwi kudu kokpatèni kabèh, nganti jenengé Amalèk ora tau kocap. Aja lali!"

26 1 "Yèn tanah sing bakal diparingaké Gusti Allah marang kowé wis kokrebut lan kowé wis manggon ing kono,

2 kowé madhahana apa waé sing kokundhuh dhisik dhéwé ana ing wakul, banjur gawanen menyang papan pangibadah sing wis kapilih déning Pangéran Allahmu.

3 Nemonana imam sing lagi tugas ana ing kono, karo kandhaa mengkéné, ‘Kula keparenga matur dhateng Pangéran Allah kula, bilih kula sampun mlebet ing negari ingkang kajanjèkaken dhateng para leluhur badhé kaparingaken dhateng kita.’

4 Sawisé mengkono imam bakal nampani wakul mau saka tanganmu lan nyèlèhaké ing mesbèhé Pangéran Allahmu.

5 Kowé banjur kudu matur ing ngarsané Pangéran Allahmu mengkéné, ‘Leluhur

kula menika tiyang Aram ingkang
nglembara; tiyang neneka ingkang
mboten gadhah griya. Menika sami
mbekta kulawarganipun dhateng tanah
Mesir lan sami manggèn ing ngriku.
Nalika késah dhateng Mesir cacahipun
namung sekedhik, nanging lajeng dados
bangsa ingkang ageng lan kiyat.
6 Wonten ing tanah Mesir kula sami
dipun tindhes, kapurih nyambut-damel
kados réncang tumbasan.
7 Kula lajeng sami sesambat
nyuwun tulung dhateng Pangéran,
inggih Allahipun para leluhur kula.
Panjenenganipun miyarsakaken
pesambat kula sarta mirsa rekaos,
kasisahan lan kasangsaran kula.
8 Mila lajeng ngentas kula saking tanah
Mesir, srana pangwaos lan kasektènipun.
Lajeng ngawontenaken mujijat-mujijat
sarta kaélokan-kaélokan, ngantos
wonten kedadosan-kedadosan ingkang
nggumunaken.
9 Kula sedaya lajeng kabekta mriki lan
kaparingan tanah ingkang subur, lubèr
ing samukawis.
10 Pramila samenika kula sowan
nyaosaken dhateng Pangéran

pamedaling taneman, ingkang
kula pethik rumiyin piyambak.’
Wakulmu banjur sèlèhna ana ing
ngarsané Pangéran, lan sujuda marang
Panjenenganė.
11 Saosa sukur tumrap sakèhé rejeki,
sing wis diparingaké déning Pangéran
Allahmu marang kowé lan brayatmu.
Wong Lèwi lan wong manca sing ana
ing tengahmu ajaken mèlu ing kraméan
mau.
12 Saben telung taun sepisan kowé
nyaosna kurban prasepuluhan, yakuwi
saprasepuluhé asilé panènanmu, kanggo
wong Lèwi, wong manca, bocah lola lan
para randha, temah ing saben kutha
wong-wong mau padha nampa apa
sing dibutuhaké kanggo uripé. Yèn wis
mengkono,
13 banjur matura marang Pangéran,
‘Saprasedasaning asilipun panènan
kula menika kagungan Paduka; mboten
wonten sekedhik kémawon ingkang kula
simpen ing griya, sedaya sampun kula
sukakaken dhateng tiyang Lèwi, tiyang
manca, laré lola lan para randha, kados
ingkang Paduka dhawuhaken dhateng
kula. Mboten wonten dhawuh Paduka

bab prasedasan ingkang kula supèkaken
setunggal kémawon.
14 Mboten wonten ingkang kula elongi
sekedhik kémawon lan kula tedha ing
wanci kasisahan utawi kula bekta medal
saking griya samasa kula ngleresi najis,
lan inggih mboten wonten sekedhik
kémawon ingkang kula anggé saos
kurban kanggé tiyang pejah. Kula
sampun ngèstokakaken dhawuh Paduka
sedaya, dhuh Pangéran; inggih sedaya
dhawuh Paduka bab prasedasan, sampun
kula lampahi.
15 Saking dhampar Paduka ingkang suci
ing swarga keparenga Paduka mirsani
lan mberkahi umat Paduka Israèl; mugi
mberkahi ugi negari ingkang subur lan
lubèr ing samukawis menika, ingkang
Paduka paringaken dhateng kula sedaya,
nocogi kaliyan janji Paduka dhateng para
leluhur kula.’"
16 "Ing dina iki Pangéran Allahmu
paring dhawuh marang kowé kabèh
supaya ngèstokaké dhawuhé. Lakonana
dhawuhé kabèh klawan gumolongé
atimu lan gumolongé nyawamu.
17 Ing dina iki kowé wis ngakoni yèn
Pangéran kuwi Allahmu. Kowé wis

padha janji arep mbangun-turut marang
Panjenenganè, lan nglakoni sakèhé
dhawuhé.
18 Ing dina iki Pangéran wis ngangkat
kowé dadi umat kagunganè, kaya
janjiné marang kowé, lan Panjenenganè
ngersakaké supaya kowé ngèstokaké
sakèhé dhawuhé.
19 Pangéran bakal ndadèkaké kowé
bangsa sing gedhé ngungkuli sakèhing
bangsa-bangsa liyané sing dititahaké,
temah kowé bakal padha dialem lan
dihurmati. Kowé bakal dadi umat
kagunganè Pangéran, cocog karo
janjiné."

27 1 Musa karo para penggedhéné
bangsa Israèl banjur kandha karo
bangsa mau, "Padha ngèstokna sakèhé
dhawuh sing dakandharaké ing dina iki
marang kowé.
2 Samangsa kowé wis nyabrang ing
Kali Yardèn, mlebu ing tanah sing
diparingaké déning Pangéran Allahmu,
kowé ngedegna watu gedhé sawetara,
lapisana dhempul.
3 Banjur sakèhé dhawuh lan prenatan
iki tulisen ing watu-watu mau. Yèn
kowé wis mlebu ing tanah sing subur,

lubèr susu lan madu, kaya sing
dijanjèkaké Pangéran Allahmu marang
para leluhurmu,
4 lan tanah mau wis kokenggoni, banjur
munggaha ing Gunung Ébal. Watu-watu
mau degna ing pucuké gunung, banjur
dhempulen, kaya sing dakkandhakaké
mau.
5 Ing panggonan kono kowé ngedegna
mesbèh saka watu sing durung tau
digarap nganggo piranti wesi,
6 sebab saben mesbèh sing didegaké
kagem Pangéran Allahmu kudu digawé
saka watu wutuh lan ora kena ditatah.
Ana ing mesbèh kono kowé nyaosna
kurban-kurbanmu obongan.
7 Semono uga nyaosna sesaosanmu lan
mangana kurbanmu manasuka, sarta
kurban saos panuwunmu konjuk marang
Pangéran Allahmu, ana ing papan kono.
8 Watu-watu sing didhempul mau
tulisana saben tembungé dhawuh-
dhawuh kabèh, tulisen sing cetha."
9 Sawisé mengkono Musa bebarengan
karo para Imam Lèwi kandha marang
bangsa Israèl, "Para sedulur wong Israèl.
Padha rungokna lan gatèkna! Ing dina iki
kowé wis dadi umaté Pangéran Allahmu.

10 Mulané padha mbangun-turuta
marang Pangéran lan nglakonana
dhawuh-dhawuhé; kabèh sing
dakandharaké marang kowé lakonana."
11 Musa banjur kandha karo bangsa
Israèl mengkéné,
12 "Sawisé kowé nyabrang ing Kali
Yardèn, taler Siméon, Lèwi, Yéhuda,
Isakar, Yusuf lan Bènyamin kudu padha
ngadeg ing Gunung Gérizim, yakuwi
samasa berkah sing kanggo bangsa
Israèl diucapaké.
13 Samasa paukuman sing diucapaké,
taler Rubèn, Gad, Asyèr, Zébulon, Dhan
lan Naftali kudu padha ngadeg ing
Gunung Ébal.
14 Wong-wong Lèwi kudu ngucapaké
tembung-tembung ing ngisor iki klawan
swara sora, lan wong Israèl kudu
mangsuli, ‘Amin’.
15 Wong Lèwi ngucap, ‘Nampaa
paukuman wong sing gawé reca saka
watu, kayu utawa barang pelikan, lan
nyembah reca mau ing papan sing
ndhelik. Gusti Allah sengit marang
panyembah brahala!’ Umat kabèh
mangsuli, ‘Amin!’.

16‘Nampaa paukumané Allah saben
wong sing nyenyamah marang bapa
utawa biyungé.’ ‘Amin!’
17‘Nampaa paukumané Allah saben
wong sing ngelih watesé buminé
pepadhané.’ ‘Amin!’
18‘Nampaa paukumané Allah wong sing
nasaraké wong wuta.’ ‘Amin!’
19‘Nampaa paukumané Allah wong sing
ngrampas wewenangé wong manca,
bocah lola lan para randha.’ ‘Amin!’
20‘Nampaa paukumané Allah saben
wong sing ngina marang bapakné merga
nuroni seliré bapakné.’ ‘Amin!’
21‘Nampaa paukumané Allah saben
wong sing nuroni kéwan.’ ‘Amin!’
22‘Nampaa paukumané Allah wong
sing nuroni seduluré tunggal bapa lan
biyung.’ ‘Amin!’
23‘Nampaa paukumané Allah wong sing
nuroni ibuné maratuwa.’ ‘Amin!’
24‘Nampaa paukumané Allah wong sing
matèni pepadhané ana ing papan sing
ndhelik.’ ‘Amin!’
25‘Nampaa paukumané Allah wong sing
nampani besel kanggo matèni wong sing
ora salah.’ ‘Amin!’

[26] ‘Nampaa paukumané Allah kabèh
wong sing ora nglakoni dhawuhé Allah
lan piwulangé.’ ‘Amin!’"

28 [1] "Yèn kowé padha mbangun-turut
marang Pangéran Allahmu lan
setya nglakoni sakèhé dhawuh sing
diparingaké marang kowé ing dina iki,
Allah bakal ndadèkaké kowé bangsa
gedhé, ngungkuli bangsa-bangsa liyané
ing jagad.

[2] Mbangun-turuta marang Pangéran
Allahmu, temah berkah ing ngisor iki
bakal kaparingaké marang kowé:

[3] Allah bakal mberkahi kutha-kutha lan
palemahanmu.

[4] Allah bakal mberkahi kowé kabèh,
mula turunmu dadi akèh, panènmu
turah-turah, sapi lan wedhusmu dadi
pirang-pirang.

[5] Allah bakal mberkahi panènmu
gandum lan sarupaning pangan sing
kokgawé saka gandum mau.

[6] Allah bakal mberkahi sakèhé
penggawému.

[7] Yèn kowé diserang ing mungsuh, Allah
bakal ngulungaké mungsuhmu marang
kowé. Enggoné nglurugi kowé metu

dalan siji, nanging bakal keplayu metu
dalan pirang-pirang.
8 Pangéran Allahmu bakal mberkahi
pegawéanmu lan ngebaki gandum
lumbung-lumbungmu. Panjenenganė
bakal mberkahi kowé ing tanah sing
diparingaké marang kowé.
9 Yèn kowé mbangun-turut marang
Pangéran Allahmu lan netepi sakèhé
dhawuhé, kowé bakal dadi umaté
piyambak, kaya sing dijanjèkaké.
10 Temah bangsa-bangsa ing bumi
bakal weruh yèn kowé wis kapilih
déning Allah dadi umaté piyambak, lan
bangsa-bangsa mau bakal padha ngajèni
marang kowé.
11 Kowé bakal diparingi anak akèh.
Raja-kayamu bakal dadi akèh lan
panènmu turah-turah ana ing tanah
sing dijanjèkaké déning Allah marang
leluhurmu kanggo kowé.
12 Allah bakal maringaké udan manut
mangsané saka simpenané ing langit
nganti lubèr-lubèr. Panjenenganė bakal
mberkahi sakèhé pegawéanmu, nganti
kowé bisa motangaké marang bangsa
akèh, nanging kowé dhéwé bakal ora
nganti utang.

13 Pangéran Allahmu bakal ndadèkaké
kowé pemimpiné bangsa-bangsa,
lan dudu pembantuné. Yèn kowé
setya nglakoni dhawuhé Allah, sing
dakandharaké ing dina iki, kowé
selawasé bakal olèh kalubèran, lan
mesthi olèh asil.
14 Nanging aja pisan-pisan nyepèlèkaké
dhawuh-dhawuhé Allah, senajan apa waé
alesané. Lan aja pisan-pisan nyembah
sarta ngabekti marang brahala-brahala."
15 "Nanging yèn kowé padha
mbangkang marang Pangéran
Allahmu lan ora nglakoni klawan setya
sakèhé dhawuh lan prenatané sing
dakandharaké ing dina iki, kowé bakal
nampa paukuman sing mengkéné:
16 Kutha-kuthamu lan palemahanmu
bakal kena ing laknaté Allah.
17 Panènan gandum lan panganmu
sing kagawé saka gandum bakal kena
paukumané Allah.
18 Kowé dhéwé bakal nampa paukumané
Allah, mula anak-anakmu bakal
sethithik, semono uga panènanmu lan
raja-kayamu.
19 Sakèhé penggawému bakal kena
paukuman.

[20] Allah bakal nekakaké paukuman,
karusakan lan bebendu marang sarupané
penggawému, mula ora let suwé kowé
bakal ditumpes sirna.
[21] Kowé bakal diukum nganggo
pageblug bola-bali, temah siji waé
ora ana sing kari ana ing tanah sing
kokenggoni, sing saiki arep diparingaké
marang kowé.
[22] Allah bakal nekakaké lelara nular
rupa-rupa, lelara abuh lan lelara panas.
Panjenenganė bakal nekakaké mangsa
ketiga dawa lan angin panas sing
mbrangas tanduran, nganti panènanmu
wurung. Karusakan bakal ora lèrèn-lèrèn
nekani kowé, nganti kowé padha mati
kabèh.
[23] Bakal ora ana udan lan lemahmu
bakal dadi atos kaya watu.
[24] Allah ora bakal nekakaké udan
banyu, nanging udan awu lan udan pasir
nganti kowé tumpes kabèh.
[25] Yèn kowé mbangkang marang
Pangéran Allahmu kowé bakal ditelukaké
déning mungsuh-mungsuhmu. Olèhmu
nglurugi perang mungsuhmu metu dalan
siji, nanging enggonmu keplayu bakal
sumebar tekan endi-endi. Para bangsa

ing bumi bakal padha kagèt ndeleng apa
sing kokalami.
26 Kowé bakal mati pating gléthak
lan jisimmu bakal dipangan déning
manuk-manuk lan kéwan galak, lan
ora ana wong siji waé sing nggusah
kéwan-kéwan mau.
27 Allah bakal ngukum kowé srana
memala wudun, kaya nalika ngukum
wong Mesir. Awakmu sekojur bakal
benyinyihen lan gudhigen, lan ora kena
diwarasaké.
28 Allah bakal gawé kowé gugup, wuta
lan bingung.
29 Ing wayah awan padhang nranthang
kowé bakal mak-makan kaya wong
wuta, ora nemokaké dalan. Pegawéan
apa waé sing kokcekel bakal ora ana
asilé. Kowé bakal ditindhes lan dirampog
ora lèrèn-lèrèn, lan ora ana wong siji
waé sing teka nulungi kowé.
30 Yèn kowé ora netepi dhawuhé
Pangéran Allahmu, kowé bakal
macangaké anakmu, nanging wong liya
sing bakal ngawini pacangané. Kowé
bakal ngedegaké omah, nanging wong
liya sing bakal ngenggoni. Kowé bakal

gawé kebon anggur, nanging ora mangan
wohé.
31 Sapimu bakal disembelèh wong ing
ngarepmu, nanging kowé bakal ora
mangan dagingé senajan mung sethithik
waé. Kuldi-kuldimu bakal digiring wong
digawa lunga, nanging kowé mung
bakal bisa ndelengaké waé, lan raja-
kayamu bakal ora dibalèkaké menèh
marang kowé. Wedhus-wedhusmu
bakal diulungaké marang mungsuh-
mungsuhmu, lan ora ana wong siji waé
sing teka mitulungi kowé.
32 Ana ing ngarepé mripatmu anak-
anakmu lanang lan wadon bakal
diulungaké dadi batur-tukon marang
wong manca. Saben dina kowé bakal
nggolèki anak-anakmu, nanging tanpa
guna, merga ora bakal padha bali.
33 Bangsa manca bakal ngrampas asilé
panènanmu kabèh sing koktandur kanthi
ngrekasa, nanging kowé dhéwé bakal
ora nampa apa-apa kejaba panindhes
lan panganiaya sing ora lèrèn-lèrèn.
34 Kowé bakal dadi ngengleng merga
kasangsaranmu.
35 Allah bakal gawé sikilmu sekojur
padha benyinyihen lan lara banget,

mangka ora bisa mari. Awakmu bakal
kebak wudun, saka tlapakan tekan
mbun-mbunan.
36 Yèn kowé ora padha mbangun-turut
marang Pangéran Allahmu, kowé lan
rajamu bakal diboyong déning Pangéran
Allahmu menyang negara manca, sing
durung tau dienggoni déning para
leluhurmu. Ana ing kana kowé bakal
nyembah marang brahala-brahala, sing
digawé saka kayu utawa watu.
37 Ing endi waé parané enggonmu
disebar déning Allah, wong-wong bakal
padha kagèt ndeleng lelakonmu; kowé
bakal padha dipoyoki lan dienggo
geguyon.
38 Akèh wiji sing bakal koksebar,
nanging pemetuné mung sethithik,
merga tanduranmu bakal dipangan
walang.
39 Kowé bakal gawé kebon anggur lan
kokrumati, nanging ora bakal methik
wohé utawa ngombé peresané, merga
wité anggur bakal entèk dipangan
cacing.
40 Wit zaitun bakal tuwuh ing ngendi-
endi ing tanahmu, nanging wohé bakal

padha gogrog, nganti kowé padha ora
olèh lengané.
41 Kowé bakal duwé anak lanang lan
wadon, nanging bakal padha dadi
tawanan perang, kowé bakal kélangan
anak-anakmu mau.
42 Wit-witanmu lan tanduranmu bakal
entèk dipangan ama.
43 Wong manca sing manggon
ing tengahmu bakal saya gedhé
pangwasané, nanging kawibawanmu
déné bakal saya suda.
44 Wong-wong manca mau bakal padha
dadi sugih nganti bisa motangaké
marang kowé. Nanging kowé dhéwé
bakal ora duwé apa-apa sing bisa
kokutangaké marang dhèwèké.
Wekasané wong-wong mau malah bakal
njajah marang kowé.
45 Sakèhé paukuman iki bakal
koksangga lan tansah kokrasakaké
nganti kowé tumpes kabèh, merga kowé
ora mbangun-turut marang Pangéran
Allahmu lan ora netepi dhawuh-dhawuhé
sing wis diparingaké marang kowé.
46 Sarupané kasangsaran kuwi wujudé
paukumané Allah marang kowé lan
anak-turunmu ing selawas-lawasé.

47 Kowé wis diberkahi déning Allah ing
sabarang prekara, nanging kowé ora
gelem ngabdi marang Panjenengané
kanthi bungah lan éklasing ati.
48 Mulané kowé kudu ngabdi marang
mungsuh-mungsuh, sing diutus déning
Allah nekani lan ngalahaké kowé. Kowé
bakal padha ngalami larang sandhang
lan larang pangan, sarta kekurangan
banyu, malah kekurangan samubarang.
Allah bakal nindhes kowé tanpa wales
nganti kowé tumpes kabèh.
49 Sawijining bangsa sing basané ora
kokngertèni bakal ditekakaké déning
Allah saka pojoké bumi supaya nglurug
perang nglawan kowé. Kowé bakal
disamber déning bangsa mau kaya
penyamberé manuk garudha.
50 Bangsa kuwi ambek siya lan ora
bakal melasi sapa waé, dadi tuwa utawa
nom.
51 Bangsa mau sing bakal ngentèkaké
raja-kayamu lan panènanmu. Ora ana
sing diturahaké kanggo kowé, iya sing
rupa gandum, anggur, lenga zaitun,
sapi utawa wedhus, nganthi kowé bakal
padha mati kaliren.

52 Saben kutha ing tanah sing bakal
diparingaké déning Pangéran Allahmu
marang kowé, bakal digempur;
témbok-témboké sing dhuwur lan sing
koksentosani nganggo bètèng-bètèng
sing kokendel-endelaké bakal padha
rubuh.
53 Sajroné mungsuh-mungsuhmu
ngepung kutha-kuthamu kowé bakal
semplah merga kaliren, nganti kowé
bakal padha mangan anakmu dhéwé,
sing diparingaké déning Pangéran Allah
marang kowé.
54 Tekan para priyayi sing budiné luhur
pisan bakal nglokro atiné selawasé
kuthané dikepung déning mungsuh.
Saking nglokroning atiné bakal padha
mangan anaké dhéwé, merga ora ana
pangan liyané. Seduluré, bojoné lan
anak-anaké sing isih padha urip ora ana
sing dibagèhi, sethithik waé ora.
55 (28:54)
56 Malah para putri kaum ningrat
sing luhur dhéwé bebudèné lan saking
sugihé nganti menyanga endi waé,
ora tau mlaku dharat, iya nindakaké
sing mengkono. Yèn mungsuh lagi
ngepung kuthané, para putri mau

merga saka kaliren lan kentèkan nalar,
meneng-menengan nuli padha mangan
bayiné sing lagi lair saari-ariné pisan.
Sing lanang lan anak-anaké ora ana sing
dibagèhi; kabèh dientèkaké dhéwé.
57 (28:56)
58 Yèn kowé ora netepi sakèhé
piwulangé Pangéran Allahmu sing katulis
ing Kitab iki, lan ora ngurmati asmané
Pangéran Allahmu sing mulya lan
nggumunaké kuwi,
59 Allah bakal nekakaké marang
kowé lan anak-anakmu lelara rupa-
rupa sing ora kena ditambani, lan
pageblug-pageblug sing ora kena
disirep.
60 Lelara-lelara sing nggegirisi, sing
dialami déning wong Mesir, bakal
koksandhang, lan kowé bakal ora bisa
waras menèh.
61 Allah bakal nekakaké uga lelara
rupa-rupa lan pageblug rupa-rupa sing
ora katulis ing Kitab Angger-anggeré
Allah. Kowé banjur bakal katumpes.
62 Senajan bangsamu cacahé kaya
lintang ing langit, kekarèné sing urip
bakal mung kari sethithik, merga kowé

ora mbangun-turut marang Pangéran
Allahmu.
63 Padha kaya ing mauné Allah
rena penggalihé paring kemakmuran
marang kowé lan ngakèhaké cacahmu,
kaya mengkono uga Allah bakal rena
penggalihé ngrusak lan numpes marang
kowé, nganti kowé bakal kabedhol
saka tanah sing ora suwé menèh bakal
kokrebut lan kokenggoni kuwi.
64 Allah bakal mbuyaraké kowé ana
ing antarané bangsa-bangsa, saka
pojoké bumi siji tekan pojok liyané. Ana
ing kana kowé bakal padha nyembah
brahala sing digawé saka kayu utawa
watu, brahala-brahala sing biyèn-biyèné
ora tau koksembah lan disembah déning
leluhurmu.
65 Ana ing ngendi waé kowé bakal
ora nemu katentreman, lan ora ana
panggonan sing kena kokarani dadi
duwèkmu. Allah bakal gawé atimu
tansah geter, tanpa pengarep-arep lan
nglokro.
66 Uripmu bakal tansah kaancam déning
bebaya. Rina wengi atimu bakal miris,
lan kowé bakal dioyak-oyak déning rasa
wedi merga rumangsa arep dipatèni.

67 Yèn weruh apa waé, atimu bakal
tansah dheg-dhegan. Yèn ésuk kowé
ngarep-arep énggal wengia, lan yèn
wengi kowé ngarep-arep énggal ésuka.
68 Allah bakal mbalèkaké kowé
menyang tanah Mesir nunggang prau,
kaya kandhaku biyèn, supaya kowé
aja ndeleng menèh dalan sing tau
kokliwati. Ana ing tanah Mesir kowé
bakal nawakaké awakmu dhéwé dadi
batur-tukoné mungsuhmu, nanging ora
ana sing gelem nuku."

29 1 Iki prejanjiané Musa karo bangsa
Israèl merga saka dhawuhé Allah,
nalika padha ana ing tanah Moab.
Prejanjian mau ditambahaké ing
prejanjian sing biyèn dianakaké déning
Gusti Allah karo wong Israèl, nalika ana
ing Gunung Sinai.
2 Musa nglumpukaké wong Israèl kabèh
lan kandha mengkéné, "Kowé wis padha
ndeleng lan nyipati dhéwé pendamelé
Allah marang rajané wong Mesir, para
punggawa lan rakyaté kabèh.
3 Semono uga kowé wis weruh
pangrusak sing nggumunaké, mujijat-
mujijat lan kaélokan-kaélokan sing
ditindakaké déning Allah.

4 Nanging tekan sepréné Panjenengané
durung mbukak nalarmu nganti ngerti
apa kersané lan apa preluné kowé
ngalami kuwi mau kabèh.
5 Patang puluh taun lawasé Allah ngirid
lakumu ing segara wedhi, éwasemono
sandhanganmu ora nganti lungset lan
sandhalmu ora nganti amoh.
6 Kowé ora duwé roti sing kokpangan,
utawa anggur sing kokombé, nanging
Allah nyekapi sarupané kebutuhanmu,
supaya kowé ngerti yèn Panjenengané
kuwi Allah.
7 Lan nalika kita tekan kéné, Raja Sihon
lan Raja Og nglurugi perang. Nanging
padha kita kalahaké,
8 tanahé kita rebut lan kita edum
antarané taler Rubèn lan taler Gad, lan
sapéranganė taler Manasyè.
9 Mulané kowé padha netepana
surasané prejanjian iki kabèh kanthi
setya, supaya olèh gawé ing samubarang
sing koklakoni.
10 Ing dina iki kowé kabèh padha ngadeg
ana ing ngarsané Pangéran Allahmu,
para penggedhé, para hakim lan para
sénapati, dalah para pinituwamu, sarta
para umat kabèh, wong lanang,

11 wong wadon lan anak-anakmu,
dalah wong manca sing manggon ing
antaramu, sing padha negor kayu lan
amèk banyu kanggo kowé.
12 Ing dina iki kowé kabèh padha
nglumpuk ing kéné arep nampa wohing
prejanjian sing dianakaké déning
Pangéran Allahmu karo kowé, lan nampa
kuwajiban-kuwajibanmu.
13 Srana prejanjian iki Allah kersa
ngresmèkaké kowé dadi umaté lan
Panjenenganė dadi Allahmu, miturut
janjiné marang kowé lan marang para
leluhurmu Abraham, Iskak lan Yakub.
14 Prejanjian iki lan kuwajiban-
kuwajiban sing kasebut ing kono kuwi
ora dianakaké déning Allah karo kowé
dhéwé,
15 nanging iya karo kita kabèh sing ana
ing kéné ing dina iki sing padha ngadeg
ana ing ngarsané, lan karo anak-turun
kita sing durung padha lair.
16 Kowé isih padha kèlingan bab nasib
kita ing tanah Mesir lan kepriyé rasané
liwat ing tengahé bangsa-bangsa sing
tanahé padha kokambah.
17 Kowé wis padha ndeleng reca-reca
sing njijiki, sesembahané bangsa-bangsa

mau, reca-reca sing digawé saka kayu,
watu, slaka lan emas.
18 Mulané sing prayitna, aja nganti ana
wong siji waé panunggalanmu, lanang
utawa wadon, brayat utawa taler sing
ana ing kéné, ninggal marang Pangéran
Allahmu lan nyembah marang brahalané
bangsa-bangsa liya. Penggawé sing
mengkono mau bakal padha karo oyod
sing tuwuh dadi tanduran sing pait lan
isi racun.
19 Aja ana wong sing ing dina iki ngadeg
ing kéné lan krungu pepundhutan sing
keras mau duwé pikiran yèn nasibé
selawasé bakal becik, senajan atiné
wangkal lan gawé dosa. Sing mengkono
bakal gawé rusakmu kabèh, iya wong
sing ala utawa sing becik.
20 Allah ora bakal ngapura wong sing
kaya mengkono. Malah dukané bakal
ngalad-alad, mbrangas wong kuwi lan
sakèhé paukuman sing katulis ing Kitab
iki bakal tumiba marang wong mau,
nganti wongé tumpes babar-pisan.
21 Wong mau bakal didadèkaké pepéling
kanggo wong Israèl kabèh. Wong
kuwi bakal ketiban paukuman, nocogi
karo paukuman sing kasebut ing

prejanjian, sing kamot ing Kitab iki,
Kitab Angger-anggeré Allah.
22 Mbésuk anak-turunmu lan wong
manca saka negara-negara adoh bakal
padha weruh karusakan-karusakan lan
kasangsaran sing ditekakaké déning
Allah ana ing tanahmu.
23 Pategalanmu bakal dadi palemahan
cengkar, ketutupan lirang lan uyah. Ora
bakal kena ditanduri apa-apa, dalah
suket pisan bakal ora bisa thukul ana ing
kana. Tanahmu bakal padha kutha-kutha
Sodom lan Gomora, Admah lan Zéboim
sing padha diwalik déning Allah, nalika
dukané ngalad-alad.
24 Wong sajagad bakal padha takon,
'Yagéné Allah koknindakaké mengkono
marang tanahé bangsa kuwi? Yagéné
kokdukané nganti semono?'
25 Ing kono bakal ana sing ngucap,
'Merga umaté Allah wis ninggal marang
prejanjian sing padha dianakaké karo
Pangéran, Allahé leluhuré, nalika
Panjenengané ngirid bangsa mau metu
saka tanah Mesir.
26 Bangsa kuwi nyembah marang
brahala-brahala sing durung tau
disembah, mangka Allah wis ora

marengaké bangsa mau nyembah
marang brahala.
27 Mulané dukané Allah mulad-mulad
marang umaté, lan nekakaké sakèhé
paukuman ing tanah kono, sing katulis
ing Kitab iki.
28 Paukumané Allah murub makantar-
kantar. Lan sajroning dukané mau
mbedhol bangsa Israèl saka panggonané,
dibuwang menyang negara manca, lan
tekan sepréné padha ana ing kana.'
29 Ana prekara sawetara sing
digawé rahasia déning Allah lan ora
disumurupaké marang kita, nanging
dhawuhé wis diandharaké; mulané kita
lan anak-turun kita kudu netepi sakèhé
dhawuh mau ing selawas-lawasé."

30 1 "Saiki kowé miliha berkah apa
paukuman. Yèn paukuman mau
kabèh wis nekani kowé lan kowé urip
ing antarané bangsa-bangsa manca,
panggonanmu disebar déning Allah,
kowé bakal kèlingan karo pilihan sing
dakadhepaké marang kowé iki.
2 Yèn kowé lan anak-turunmu padha
bali ngabekti marang Allah, lan nglakoni
kanthi mantep sakèhé dhawuh sing
diparingaké marang kowé ing dina iki,

3 Pangéran Allahmu bakal tuwuh welasé
marang kowé. Kowé bakal dibalèkaké
menèh saka ing antarané bangsa-bangsa
panggonanmu disebar, lan kowé bakal
didadèkaké bangsa sing sarwa ora
kekurangan.
4 Malah senajan panggonanmu pating
slebar tekan ing pojoké bumi sing
adoh pisan, Pangéran Allahmu bakal
nglumpukaké kowé, kagawa bali menèh.
5 Kowé bakal ngwasani menèh tanah
sing biyèn dienggoni déning para
leluhurmu. Malah kowé bakal digawé
luwih sugih lan cacahmu digawé
luwih gedhé ketimbang karo jamané
leluhurmu.
6 Kowé lan anak-turunmu bakal
diparingi ati kang mbangun-turut, temah
kowé bakal tresna marang Pangéran
Allahmu klawan gumolonging ati lan
bakal tetep manggon ing tanahmu kono.
7 Paukuman-paukuman bakal ditibakaké
marang mungsuh-mungsuhmu sing
padha sengit lan padha nindhes marang
kowé.
8 Kowé bakal mbangun-turut menèh
marang Allah lan nglakoni sakèhé

dhawuh sing diparingaké marang kowé
ing dina iki.
9 Allah bakal mberkahi sarupaning
penggawému. Kowé bakal diparingi
anak lan raja-kaya akèh. Palemahanmu
bakal metokaké asil akèh banget.
Kanthi renaning penggalih Allah bakal
ndadèkaké kowé sarwa ora kekurangan,
kaya nalika Panjenengané klawan
renaning penggalih mberkahi marang
para leluhurmu.
10 Nanging kowé kudu mbangun-turut
marang Allah lan nglakoni sakèhing
dhawuhé sing ditulis ana ing Kitab iki,
Kitab Angger-anggeré Allah. Kowé kudu
mratobat kanthi éklasing ati.
11 Dhawuh sing dakandharaké marang
kowé ing dina iki ora pati angèl utawa
ora mokal dilakoni.
12 Panggonané ora ana ing langit, mula
kowé ora susah takon, ‘Sapa sing bakal
munggah mrana lan ngedhunaké kanggo
kita, supaya kita bisa ngrungokaké lan
nglakoni dhawuhé?’
13 Panggonané uga ora ana ing
sabranging segara, temah kowé prelu
takon, ‘Sapa sing bakal nyabrang ing
segara njupuk kanggo kita, supaya

kita bisa ngrungokaké lan nglakoni
dhawuhé?’
14 Ora, dhawuh kuwi ana ing kéné.
Kena kokdeleng lan kokturun, mulané
lakonana saiki uga.
15 Ing dina iki miliha: sing becik, apa
sing ala; milih mati apa milih urip.
16 Yèn kowé tresna marang Pangéran
Allahmu lan mbangun-turut marang
Panjenengané, sarta nglakoni sakèhé
dhawuhé sing dakandharaké ing dina
iki marang kowé, kowé bakal sugih
banget lan dadi bangsa gedhé. Pangéran
Allahmu bakal mberkahi kowé ing tanah
sing ora suwé menèh bakal kokenggoni.
17 Nanging yèn kowé ora mbangun-
turut lan ora ngèstokaké, malah
gelem disasaraké nyembah marang
brahala-brahala.
18 Élinga, kowé wis dakélingaké ing dina
iki. Umurmu bakal ora dawa ana ing
tanah ing sabrangé Kali Yardèn, sing ora
suwé menèh bakal kokrebut.
19 Saiki kowé miliha seneng urip apa
seneng mati, berkah apa paukuman.
Langit lan bumi dakdadèkaké seksi ing
ngatasé putusanmu. Miliha urip.

20 Tresnaa marang Pangéran Allahmu,
mbangun-turuta lan manuta marang
Panjenengané, mula kowé lan anak-
turunmu bakal diparingi umur dawa
ing tanah sing dijanjèkaké déning Allah
marang leluhurmu, Abraham, Iskak lan
Yakub."

31
1 Musa nerusaké piwelingé
marang bangsa Israèl, mengkéné,
2 "Umurku saiki wis satus rong puluh
taun lan wis ora bisa ngirid kowé
menèh. Kejaba saka kuwi Gusti Allah wis
ngandika karo aku, yèn aku ora bakal
nyabrang Kali Yardèn.
3 Pangéran Allahmu piyambak bakal
tindak ing ngarepmu lan numpes
bangsa-bangsa sing manggon ing kana,
nganti kowé bisa ngrebut tanahé. Yosua
bakal dadi pemimpinmu, kaya sing
dingandikakaké déning Gusti Allah.
4 Allah bakal numpes bangsa-bangsa
mau, kaya enggoné numpes Sihon lan
Og, para rajané wong Amori, sarta
nggempur negarané.
5 Allah bakal ngulungaké bangsa-
bangsa mau ing tanganmu, banjur
tindakna kaya sing dakwelingaké
marang kowé.

6 Sing gedhé pengandelmu lan sing
kendel! Aja wedi karo bangsa-bangsa
kuwi! Pangéran Allahmu ana ing sisihmu.
Kowé bakal ora ditégakaké lan ora
ditilar."
7 Musa banjur nimbali Yosua, lan
ana ing ngarepé bangsa Israèl kabèh
Musa kandha, "Yosua, sing gedhé
pengandelmu lan sing kendel! Kowé
sing bakal ngirid bangsa iki ngrebut
tanah sing wis dijanjèkaké déning Allah
marang para leluhuré.
8 Allah piyambak bakal nuntun kowé lan
ana ing sisihmu. Panjenengané ora bakal
négakaké kowé lan ora bakal nilar kowé.
Mulané aja wedi utawa nglokro atimu."
9 Musa banjur nulis Angger-anggeré
Allah, diwènèhaké marang para imam
lan marang para pinituwané bangsa
Israèl.
10 Padha didhawuhi mengkéné,
"Pendhak pitung taun sepisan, yèn
mbeneri Riaya Tarub Godhong, ing Taun
Yobèl, Kitab iki kudu kokwaca sing sora.
11 Wacakna yèn wong-wong Israèl
mau lagi nglumpuk nyembah sujud
marang Allah ing papan ibadah sing wis
ditemtokaké.

12 Wong lanang, wong wadon, bocah-
bocah lan wong manca sing manggon
ing kutha-kuthamu padha klumpukna,
supaya ngrungokaké lan sinau ngurmati
marang Pangéran, sarta nglakoni
piwulangé klawan setya.
13 Srana mengkono bakal padha sinau
netepi dhawuhé Allah selawasé padha
manggon ing tanah ing sabrangé Kali
Yardèn, sing ora suwé menèh bakal
kokrebut."
14 Sawisé mengkono Gusti Allah banjur
ngandika marang Musa, "Uripmu wis ora
suwé menèh. Yosua timbalana mréné,
ajaken sowan ing Kémah Palenggahané
Allah, supaya nampani pituduh-pituduh-
Ku." Musa lan Yosua banjur padha sowan
ing Kémah Suci.
15 Gusti Allah ngetingal ana ing tugu
méga, ing sacedhaké lawanging Kémah.
16 Pangandikané marang Musa,
"Ora suwé menèh kowé bakal mati.
Sapungkurmu Israèl bakal ninggal
marang Aku lan mblénjani prejanjiané
karo Aku. Israèl bakal padha ninggal Aku
lan nyembah marang brahala-brahala,
sing disembah déning bangsa-bangsa

ing tanah sing ora suwé menèh bakal
padha direbut.
17 Yèn wis mengkono Aku bakal duka
banget. Bangsa mau bakal Daktinggal,
temah bakal ketekan kasangsaran lan
bebaya rupa-rupa, nganti ludhes. Sawisé
mengkono banjur lagi padha ngerti
yèn kedadéan mau kabèh merga Aku,
Pangéran Allahé, ora nunggal karo
dhèwèké.
18 Ing dina kuwi Aku ora arep mitulungi,
merga bangsa mau wis nglakoni duraka
gedhé, merga wis padha nyembah
marang brahala-brahala.
19 Saiki kekidungan iki tulisen.
Wulangna marang bangsa Israèl, supaya
dadia pepéling.
20 Bangsa iki bakal Dakirid mlebu
ing tanah sing subur, kaya janji-Ku
marang para leluhuré. Ing tanah kono
uripé bakal ayem lan sarwa kecukupan.
Nanging sawisé mengkono bakal padha
mbalik lan padha nyembah marang
brahala-brahala. Bakal padha ninggal
marang Aku lan mblénjani prejanjian-Ku,
21 mula bakal ketekan kasangsaran lan
bebaya werna-werna. Nanging kidung
iki bakal tansah dikidungaké, kanggo

melèhaké dhèwèkné. Malah saiki iki,
sadurungé Dakirid mlebu ing tanah sing
Dakjanjèkaké, Aku wis ngerti apa sing
dadi krenteging atiné."
22 Ing dina kuwi uga Musa nulis
kekidungan mau, banjur diwarahaké
marang bangsa Israèl.
23 Gusti Allah banjur ngandika marang
Yosua bin Nun mengkéné, "Kowé
ngandela lan sing kendel, Yosua! Kowé
bakal ngirid bangsa Israèl mlebu ing
tanah, sing Dakjanjèkaké marang
leluhuré, lan Aku bakal ana ing sisihmu."
24 Musa banjur nulis Angger-anggeré
Allah ana ing Kitab. Penulisé klawan tliti,
supaya aja ana sing kliwatan.
25 Sawisé rampung banjur kandha karo
para imam turun-Lèwi, sing dipasrahi
ngurusi Pethi Prejanjian,
26 "Kitab Angger-angger Allah iki
tampanana lan dèkèkna ing sisihé Pethi
Prejanjiané Pangéran Allahmu, supaya
dadia paseksi kanggo kowé, umat
kagungané.
27 Aku ngerti yèn kowé kuwi bangsa
sing wangkal lan seneng brontak. Saiki
waé, selaginé aku isih urip, kowé gawéné

brontak, apa menèh mengko yèn aku
wis mati.
28 Wis, saiki klumpukna para pinituwa,
para penggedhé lan para sénapati
ana ing ngarepku kéné, supaya bisa
dakpituturi. Langit lan bumi dakdadèkaké
seksi ing ngatasé bangsa iki.
29 Aku ngerti yèn sapungkurku,
wong-wong iki bakal malik dadi wong
duraka lan nampik marang piwulang
sing wis dakwulangaké marang
dhèwèké. Mulané mbésuk bakal padha
ketekan kasangsaran, merga wis
padha njalari dukané Allah srana nerak
angger-anggeré."
30 Musa banjur ngucapaké kekidungan
iki nganti satamaté. Déné bangsa Israèl
kabèh padha ngrungokaké.
32 1 "Hé langit, rungokna kidungku;
lan bumi, tilingna swaraku!
2 Piwulangku digawa udan temurun
lan tumètès kaya ebun. Dikaya udan
deres nelesi pasuketan, sarta nyirami
thethukulan.
3 Allah élok Asmané, wartakna
kaluhurané.
4 Allah adil sapangrèhé. Sampurna
dalané, gedhé piwelasé. Bètèng kang

setya, bisa diandelaké, ora mblénjani ing
selawasé.
5 Nanging kowé bangsa kang ora setya,
ora pantes disebuta putra.
6 Bangsa gemblung kang keblinger,
tanpa budi lan kuminter. Apa pemalesmu
marang Allah, Ramamu lan Ramané
sakèhé tumitah? Kowé digemblèng dadi
bangsa, digawé gedhé lan prakosa.
7 Élinga jaman kepungkur, jamané para
leluhur. Takona bapak-bapakmu, seksiné
lelakon mau.
8 Kang Mahaluhur mandumi lemah,
kang kokenggo ngedegi omah. Saben
taler ditemtokaké watesé, Allah
piyambak jumeneng Ratuné.
9 Bani Yakub lan anak-turuné dipilih
dadi umaté.
10 Ditemu nalika lagi nglembara, ing
panggonan cengkar lan nistha. Direksa
lan dirimat kaya maniking mripat.
11 Kaya garudha marahi mabur anaké,
disangga klawan swiwiné. Mengkono
Israèl direksa Allah, supaya slamet lan
sumarah.
12 Allah piyambak ngirid bangsané,
tanpa déwa, brahala lan pepadhané.

13 Umaté manggon ing pegunungan,
zaitun tuwuh ana ing padhasan. Padha
mangan gandum ora kurang, ngombé
madu ing selaning karang.
14 Raja-kayané becik dhéwé, turah-
turah susuné, gandum lan angguré
tanpa tandhing rasané.
15 Umaté Allah mula sugih, nanging
duraka. Allahé ditampik, milih brahala.
Padha lemu ginuk-ginuk, dhasar karem
mangan. Pangéran Allahé dianggep
sandhungan.
16 Padha nyembah reca, temah Allah
bentèr galihé, duka merga durakaning
umaté.
17 Déwa-déwa disaosi kurban sukur,
brahala kang disengit: déning para
leluhuré padha dibektèni.
18 Allah, Juru Slamet dirèmèhaké, kang
paring urip ora digapé.
19 Pirsa klakuané umaté Allah duka,
bentèr galihé.
20 Dhawuhé, ‘Bangsa wangkal, ora
setya, bakal ngundhuh wohing piala.’
21 Reca kang dipuja, gawé Aku duka,
bentèr ing galih, pirsa brahala, kang
dudu Allah disembah-sembah. Bangsa

liya bakal Dakenggo nenangi kumèrèné
umat gemblung kang keblinger uripé.
22 Duka-Ku kaya geni makantar-kantar,
bumi sapametuné bakal Dakbakar,
kuburan-kuburan dadi karang-abang,
dhasaring gunung dadi abang mbranang.
23 Matumpuk-tumpuk bebaya kang
nekani, umat-Ku Daklawan nganggo
panah mematèni.
24 Lara panas lan larang pangan
nekakaké pati, pirang-pirang tur
nggegirisi. Kéwan galak saka ing
endi-endi, ula mandi njalari akèh pepati.
25 Perang lan pagiris ngancam sedalan-
dalan, kang nèng omah mèlu ketaman.
Jaka lan prawan padha mati, bayi lan
kaki-kaki ora kari.
26 Bakal Daktumpes bangsa iki, ilang
tilasé ana ing bumi.
27 Nanging si mungsuh aja
gumunggung, rumangsané karosané
kang gawé rampung. Merga ora ana liya,
Aku dhéwé kang makarya.
28 Israèl, bangsa kang tanpa budi,
kélangan kawruh sejati.
29 Ora ngerti sebabé kalah, ora nitèni
kersané Allah.

30 Wongé sèwu kalah karo wong siji,
mungsuh loro ngoyak wong sekethi.[s]
Merga Israèl ditégakaké Allahé, Pangéran
nilar umaté.
31 Mungsuhé Israèl ngrumangsani,
brahalané ora sekti ditandhing karo Allah
kang sejati.
32 Mungsuhé Israèl durakané kaya
Sodom lan Gomora, kaya anggur, wohé
pait ngemu wisa.
33 Peresané anggur yèn diombé, wisa
naga iku satemené.
34 Allah ora lali mungsuh lan
penggawéné dititèni, ditandho
paukumané, diwales ing mangsané.
35 Dinané paukuman wis ditemtokaké,
piwalesé Allah ditamakaké. Ing dina iku
mungsuh nggloyor tiba dhéwé, remuk,
lebur manut pepesthèné.
36 Allah nuli rawuh, runtuh welasé bali
ngasihi umaté, bareng pirsa bangsané
tanpa daya, merga kentèkan tenaga.
37 Allah bakal ndangu umaté, ‘Endi
brahala kang kokendelaké?’
38 Wis kokpakani kurban gajih
sembelèhan, kokombèni anggur pilihan.

---

[s] sekethi: sedasa èwu.

Supaya iku kang nulung, tekakna tumuli,
ngentas kowé saiki.
39 Mung Aku, Aku dhéwé, Allah sejatiné;
ora ana Allah liyané. Aku kang matèni,
Aku kang nguripaké. Aku kang natoni,
Aku kang marasaké. Yèn Aku ngadili,
wong ora bisa ngluwari.
40 Aku kang sipat Gesang, Aku Allah,
asta-Ku Dakangkat ngucapaké sumpah.
41 Pedhang-Ku mengkilap, wis Dakasah,
siaga ngukum sapa kang salah.
Mungsuh-Ku Dakwales tanpa welas,
kang sengit karo Aku Dakukum kisas.[t]
42 Panah-Ku ndlèwèr getih, pedhang-Ku
matèni tanpa sih. Nyawané mungsuh ora
Dakuripi, senajan ditawan bakal mati.
43 Para bangsa, Pangéran mulyakna,
kang matèni bakal sirna. Allah males
marang mungsuhé, umaté diapura
dosané."
44 Musa lan Yosua bin Nun ngucapaké
kidung mau kanthi swara sora, mula
bangsa Israèl kabèh padha ngerti tegesé.
45 Sawisé ngandharaké piwulangé Allah
marang bangsa Israèl.

---

[t]ukum kisas: paukuman srana ngethok péranganing.

46 Musa nuli ngucap mengkéné, "Aja
pisan-pisan nyepèlèkaké sakèhé dhawuh
sing dakandharaké marang kowé ing
dina iki. Anak-anakmu ajarana nglakoni
piwulangé Allah kanthi setya.
47 Iki dudu piwulang kothong, nanging
iki uripmu. Mulané lakonana, supaya
kowé diparingi umur dawa ing tanah sing
ora suwé menèh bakal kokleboni, ing
sabranging Kali Yardèn."
48 Ing dina kuwi uga Gusti Allah dhawuh
marang Musa,
49 "Lungaa menyang pegunungan
Abarim, ing tanah Moab, sangarepé
kutha Yérikho. Munggaha ing Gunung
Nébo lan delengen tanah Kenaan sing
bakal Dakparingaké marang bangsa
Israèl.
50 Kowé, Musa, bakal mati ana ing
gunung kono, kaya sedulurmu Harun,
sing mati ing Gunung Hor.
51 Kowé lan Harun ora padha setya
marang Aku lan ora ngurmati Aku ana
ing ngarepé bangsa Israèl, nalika bangsa
Israèl ana ing tuk Mériba, cedhak Kadès,
ing segara wedhi Zin.
52 Mulané kowé ora kena mlebu ing
tanah sing Dakparingaké marang

bangsa Israèl. Mung kena ndeleng saka
kadohan."

33

1 Sadurungé tilar-donya, Musa,
utusané Allah, mberkahi bangsa
Israèl, mengkéné,
2 "Pangéran rawuh saka ing Gunung
Sinai; kaya surya muncul ing sandhuwuré
Édom. Saka Gunung Paran Panjenengané
miyos, nyunari umat kagunganė,
kadadèkaké malaékat saleksa, astané
tengen ngasta geni murub.
3 Pangéran ngasihi umaté, ngreksa
para kagunganė. Padha sujuda ing
sampéyané, èstokna sakèhé dhawuhé.
4 Dhawuhé lantaran Musa tetepana, kita
iki bangsa kang gedhé ajiné.
5 Nalika Israèl nglumpuk karo para
penggedhéné, Allah dadi Rajaning
umaté."
6 Bab taleré Rubèn, Musa ngucap
mengkéné, "Senajan sethithik cacahé,
Rubèn bakal madeg ing selawasé."
7 Bab taler Yéhuda, Musa ngucap
mengkéné, "Gusti, keparenga
ngabulaken panyuwunipun. Katunggilna
kaliyan taler sanès-sanèsipun.
Karéncangana menawi majeng perang,
kaliyan mengsahipun Israèl."

8 Bab taler Lèwi, Musa ngucap
mengkéné, "Srana Urim lan Tumim[u]
kersa Paduka dadosa cetha, lantaran
tiyang Lèwi, abdi Paduka ingkang setya.
Tiyang-tiyang menika sampun Paduka
uji wonten ing Masa, lan sampun ketitik
katemenanipun wonten ing tuk Mériba.
9 Kasetyanipun dhateng Paduka
ngungkuli samukawis, inggih ngungkuli
dhateng tiyang sepuh lan sanak
sedhèrèkipun. Dhawuh-dhawuh Paduka
dipun èstokaken. Prejanjian Paduka
dipun tetepi.
10 Umat Paduka dipun wulang
nglampahi dhawuh Paduka, kurbanipun
umat wau dipun ladosaken ing mesbèh
Paduka.
11 Dipun remuka sakathahing
mengsahipun, kasirnakna ing selami-
laminipun."
12 Bab taleré Bènyamin, Musa ngucap
mengkéné, "Iki taler kang dikasihi

---

[u]Urim lan Tumim: Wujudipun séla, ginanipun kanggé neges utawi nyuwun pirsa dhateng kersanipun Allah, menawi imam salebetipun ngurus setunggaling prekawis, mboten ngertos sinten ingkang leres, utawi putusan menapa ingkang kedah dipun dhawahaken, margi prekawisipun angèl sanget.

déning Allah, direksa, diayomi rina lan
wengi. Allah manggèn ing tengahé."
13 Bab taleré Yusuf, Musa ngucap
mengkéné, "Muga palemahané diberkahi
Allah, srana sumber lan udan.
14 Saben mangsa metokna woh-wohan
sing becik, kang padha mateng ing wit.
15 Punthuk-punthuké wiwit jaman kuna
mula kebak woh-wohan pilihan.
16 Lubèra berkahé Allah marang
palemahané. Sih-kadarmané Allah, kang
ngandika saka ing grumbul eri murub,
nglubèrana Yusuf saanak-turuné, kang
dadi panuntuné sedulur-seduluré.
17 Yusuf iku karosané kaya banthèng
alasan. Wong Manasyè maèwu-èwu
lan wong Éfraim iku sunguné. Bangsa-
bangsa disrudug, lan diesuk tekan ing
pojoké bumi."
18 Bab taler Zébulon lan Isakar,
Musa ngucap mengkéné, "Muga-muga
Zébulon kaparingan kalubèran merga
saka enggoné laku dagang ing segara.
Lan Isakar saya mundhaka sugih ing
papan sing dienggoni.
19 Wong manca diajak munggah ing
gunung-gunungé, ing kana nyaosaké
kurban keslametan. Kemakmurané

pinangkané saka ing segara, lan
raja-branané saka wedhiné pesisir."
20 Bab taler Gad, Musa ngucap
mengkéné, "Kaluhurna Allah, kang
wis maringi marang Gad panggonan
ombèr. Gad kuwi kaya singa ngentèni
mangsané, arep nyempal bahuné lan
nglocop sirahé.
21 Lemah sing becik dhéwé direbut,
nuli dienggoni. Dipasrahi nuntun
para kadangé. Dhawuh-dhawuhé
Allah dilakoni, semono uga sakèhé
angger-anggeré."
22 Bab taler Dhan, Musa ngucap
mengkéné, "Dhan iku kaya singa nom,
sing metu mlumpat saka ing Basan."
23 Bab taler Naftali, Musa ngucap
mengkéné, "Naftali kalubèran déning
berkah saka sihé Pangéran; tanahé saka
Tlaga Galiléa sapengidul."
24 Bab taler Asyèr, Musa ngucap
mengkéné, "Taler Asyèr iku berkahé
gedhé dhéwé ing antarané bangsa Israèl.
Asyèr kinasihan déning kadang-kadangé,
wit zaitun tuwuh subur ing tanahé.
25 Kutha-kuthané disantosani gapura
wesi, supaya uripé tentrem lan mukti."

26 "Hé wong Israèl, padha ngertia, yèn
ora ana sing madhani Allahé Israèl. Kang
ngagem kamulyané nembus ing langit
nembus méga, prelu mitulungi kowé.
27 Allah tetep dadi pangungsèn,
astané sing langgeng nyanggi uripmu.
Mungsuhmu dibuyaraké saka ing
ngarepmu. Kowé kadhawuhan ngremuk
sakèhé mungsuhmu.
28 Anak-turuné Yakub bakal padha
rukun, lan tentrem uripé manggon ing
tanah sing becik, murah gandum lan
lubèr anggguré, ebuning langit nelesi
lemahé.
29 Israèl, gedhé temen kabegjanmu,
ora ana bangsa sing dislametaké kaya
kowé. Pangéran piyambak jumeneng
dadi tamèng lan pedhangmu, kang
ngayomi kowé lan maringi kaunggulan.
Para mungsuhmu bakal padha teka
njaluk diwelasi, bakal kokidak-idak ing
sangisoring tlapakmu."

34 1 Musa banjur lunga, ninggal
Lebak Moab lan munggah ing
Gunung Nébo, menyang pucaké Gunung
Pisga, sawétané Yérikho. Ana ing kana
Gusti Allah nedahaké marang Musa

tanah Kenaan kabèh, yakuwi wilayah
Giléad, tekan kutha Dhan;
2 tanahé Naftali kabèh; wilayahé Éfraim
lan Manasyè, wilayahé Yéhuda mengulon
tekan Segara Tengah;
3 sisih Kidulé Yéhuda lan aréné, saka
Zoar tekan Yérikho, yakuwi kutha sing
kebak tanduran wit kurma.
4 Pangandikané Allah marang
Musa, "Yaiki wujudé tanah sing wis
Dakjanjèkaké marang Abraham, Iskak
lan Yakub lan anak-turuné. Tanah iki
Daktuduhaké marang kowé, supaya
kowé bisa nyipati dhéwé. Nanging Musa,
kowé ora Dakparengaké mlebu ing tanah
kono."
5 Musa, abdiné Allah, banjur kapundhut
ana ing kono, ing tanah Moab, kaya sing
dingandikakaké déning Allah piyambak.
6 Gusti Allah banjur ngubur layoné Musa
ana ing Lebak Moab, ing sabrangé kutha
Bètpéor, nanging tekan dina iki ora ana
wong sing weruh panggonané.
7 Nalika tilar-donya Musa umuré
nyandhak satus rong puluh taun.
Karosané ora suda, semono uga mripaté
isih awas.

8 Bangsa Israèl padha nganakaké
pelayadan, nangisi Musa telung puluh
dina lawasé ana ing aréné tanah Moab
kono.
9 Yosua bin Nun kaparingan
kawicaksanan déning Pangéran,
merga enggoné kaangkat déning
Musa dadi gantiné. Bangsa Israèl
padha mbangun-turut marang Yosua
lan nglakoni dhawuh-dhawuh sing
diparingaké déning Allah lantaran Musa.
10 Ing tengahé bangsa Israèl durung
tau ana Nabi sing kaya Musa, sing
wawancara adu-arep karo Allah.
11 Ora ana Nabi liyané sing tau
gawé mujijat lan kaélokan kaya
sing ditindakaké déning Musa ing
tengahé bangsa Mesir, ratuné lan para
penggedhéné, merga saka dhawuhé
Allah.
12 Ora ana Nabi liyané Musa sing tau
nindakaké kaélokan-kaélokan sing
nggumunaké ana ing tengahé bangsa
Israèl kabèh.

Yosua

1 [1] Sawisé Musa, abdiné Allah tilar-
donya, Gusti Allah ngandika marang
wakilé Musa, yakuwi Yosua bin Nun,
[2] mengkéné, "Abdi-Ku Musa wis
tinggal-donya. Saiki kowé lan umat
Israèl kabèh padha cecawisa nyabrang
Kali Yardèn, ngrebuta tanah sing wis
Dakparingaké marang Israèl.
[3] Kaya sing wis Dakngandikakaké
marang Musa lan umat-Ku kabèh.
[4] Jembaré saka segara wedhi ing
sisih Kidul, mengalor nganti tekan
pegunungan Libanon; sing sisih Wétan
wiwit saka Bengawan Éfrat, kali sing
gedhé kuwi mengulon, klebu uga tanahé
wong Hèt, nganti tekan Segara Tengah.
[5] Yosua! Sajegé uripmu ora bakal
ana wong sing bisa ngalahaké kowé.
Aku bakal ana ing sisihmu, kaya
enggon-Ku mbiyantu marang Musa.
Kowé bakal tansah Dakayomi; bakal ora
Daktégakaké lan ora Daktilar.
[6] Sing kendel lan sing teguh imanmu,
sebab kowé sing bakal ngirid bangsa iki

ngrebut tanah sing wis Dakjanjèkaké
karo leluhuré.
7 Sing tatag atimu lan sing kendel.
Aja lali ngèstokaké dhawuh-dhawuh-Ku
kabèh, sing dikandhakaké déning Musa
abdi-Ku marang kowé klawan éklasing
ati. Aja pisan-pisan ana sing koklalèkaké,
supaya kowé bisa menang.
8 Jaganen sing temenan, supaya Kitab
dhawuh-dhawuh kuwi tansah diwaca
samasa kowé nindakaké pangibadah.
Surasané Kitab mau padha sinaunen
rina lan wengi, lan apa sing Daktulis
ana ing kono padha lakonana kabèh, aja
ana sing kokrèmèhaké. Yèn koklakoni,
kowé bakal lestari urip lan bakal bisa
nindakaké sedhéngah prekara.
9 Élinga, yèn Aku wis dhawuh supaya
kowé teguh imanmu lan kendel! Aja
wedi lan imanmu aja kendho, merga Aku
Pangéran Allahmu nunggil karo kowé ing
saparan-paranmu."
10 Yosua banjur akon penggedhéné
Israèl
11 supaya ngideri kémah-kémahé wong
Israèl lan mréntahaké marang rakyat
mengkéné, "Padha nyepakna sangu,
sebab telung dina engkas kowé kudu

nyabrang Kali Yardèn, ngrebut tanah sing
diparingaké déning Pangéran Allahmu
marang kowé."
12 Yosua préntah marang klompok
Rubèn, klompok Gad lan sapérangané
klompok Manasyè mengkéné,
13 "Élinga, yèn Musa, abdiné Allah,
wis kandha karo kowé, menawa tanah
sawétané Kali Yardèn iki wis diparingaké
déning Pangéran Allahmu marang kowé
dadi duwèkmu.
14 Anak-bojo lan raja-kayamu kabèh
tinggalen ing kéné; déné wong-wongmu
sing kulina perang padha ndhisikana
sedulur-sedulurmu wong Israèl,
nyabrang ing Kali Yardèn, mbiyantu
perang,
15 nganti tanah sakuloné kali, sing
diparingaké déning Pangéran Allahmu
marang sedulur-sedulurmu wong Israèl,
wis karebut kabèh. Yèn Gusti Allah
wis marengaké umat Israèl kabèh urip
klawan tentrem, wong-wongmu mau lagi
kena mulih menyang tanahmu dhéwé
ing sawétané Kali Yardèn, sing wis
diparingaké déning Musa, abdiné Allah,
marang kowé."

16 Klompok Rubèn, klompok Gad
lan sapérangané klompok Manasyè
mangsuli, "Menapa kémawon ingkang
panjenengan dhawuhaken badhé kula
lampahi; dipun dhawuhi késah dhateng
pundi kémawon, kula badhé mangkat.
17 Kula badhé ngèstokaken dhawuh-
dhawuh panjenengan sedaya, mboten
béda kaliyan enggèn kula ngèstokaken
dhawuhipun Musa kala semanten. Mugi
Pangéran Allah panjenengan nunggil
kaliyan panjenengan, kados enggènipun
nunggil kaliyan Musa!
18 Sintena kémawon ingkang nglawan
dhateng pangwaos panjenengan,
utawi mboten ngèstokaken dhawuh
panjenengan, badhé kaukum pejah. Mila
panjenengan ingkang tatag tuwin kendel
kémawon!"

2 1 Yosua banjur ngutus telik[a] loro
saka palèrènan ing Lebak Sitim
menyang tanah Kenaan. Telik loro mau
didhawuhi nitipriksa kaanané tanah
Kenaan, luwih-luwih kutha Yérikho.
Wong loro mau banjur padha mangkat,
lan nginep ing kutha kono, ing omahé
wanita tuna susila, jenengé Rahab.

---

[a]telik: mata-mata (bhs. Ind.).

2 Ana wong sing matur karo raja ing
Yérikho, yèn bengi kuwi ana telik wong
Israèl sawetara padha teka mlebu kutha
Yérikho.
3 Raja mau nuli utusan wong menyang
omahé Rahab lan kandha mengkéné,
"Wong-wong sing padha nginep ing
omahmu kéné arep nitipriksa kaanané
kutha Yérikho kabèh! Mulané konen
padha metu!"
4 Wangsulané Rahab, "Pancèn wonten
tiyang mriki, nanging kula mboten
ngertos dhatengipun saking pundi. Kala
wau sadèrèngipun gapura katutup,
ing wanci serap, sampun sami késah.
Lan kula mboten takèn dhateng pundi
késahipun. Nanging menawi samenika
énggal-énggal sampéyan oyak, kula
kinten tiyangipun saged kecepeng."
(Mangka nyatané Rahab wis ndhelikaké
telik loro mau ana ing lotènging omahé,
ditutupi damèn.)
5 (2:4)
6 (2:4)
7 Utusané raja mau nuli lunga, lan
sawisé padha metu saka ing kutha,
gapurané nuli énggal-énggal ditutup
menèh. Enggoné ngoyak telik-telik

Israèl mau nganti tekan sabrangané Kali
Yardèn.
8 Bengi kuwi uga, sadurungé para telik
Israèl mau padha turu, Rahab munggah
ing lotèng,
9 sarta kandha mengkéné, "Kula
ngertos, yèn Gusti Allah sampun
maringaken tanah ngriki dhateng
sampéyan, lan tiyang-tiyang ing ngriki
sami ajrih sedaya.
10 Kula sampun sami mireng
pawartosipun Gusti Allah enggènipun
ngasataken toyaning Seganten Teberau
ing ngajeng sampéyan, nalika sampéyan
medal saking tanah Mesir. Kula inggih
sampun mireng Sihon lan Og, raja-
rajanipun tiyang Amori, sampéyan pejahi
ing sawétanipun Lèpèn Yardèn.
11 Sareng mireng criyos-criyos menika
manah kula sami ajrih sanget. Tiyang
ing ngriki sedaya sami geter, telas
manahipun ngadhepi sampéyan.
Pangéran Allah sampéyan menika
Allahing langit lan bumi.
12 Samenika mugi sampéyan sami
supaos demi Allah sampéyan, yèn
sampéyan badhé damel saé dhateng
kula lan brayat kula, kados déné

enggèn kula sampun damel saé
dhateng sampéyan. Panyuwun kula mugi
sampéyan sumpah demi Allah sampéyan,
bilih sampéyan inggih badhé damel
saé dhateng kulawarganipun bapak
kula; sarta paringa pretandha ingkang
cetha dhateng kula, bilih sampéyan
badhé milujengaken bapa-biyung kula,
inggih sedhèrèk kula jaler lan èstri dalah
brayat-brayatipun sedaya!"
13 (2:12)
14 Wangsulané telik loro mau, "Kula
sami janji, samasa Allah maringaken
tanah ngriki dhateng kula, mesthi kula
badhé damel saé dhateng sampéyan
sedaya, angger sampéyan mboten
criyos-criyos dhateng tiyang sanès, yèn
kula wonten ngriki. Kula wantun pejah
samasa mboten netepi janji menika."
15 Omahé Rahab kuwi ana ing
sandhuwuré témboké kutha. Rahab
banjur ngudhunaké wong loro mau
nganggo tali metu saka ing jendhéla.
16 Kandhané Rahab, "Prayoginipun
sampéyan késah dhateng paredèn,
supados tiyang-tiyang ingkang dipun
utus déning Sang Raja madosi
sampéyan, mboten saged manggihaken

sampéyan. Menawi sampun ndhelik
wetawis tigang dinten wonten ing ngrika,
sampéyan saged nglajengaken lampah
malih."
17 Telik loro mau banjur kandha karo
Rahab mengkéné, "Kula sampéyan akèn
janji; janji wau badhé kula tetepi.
18 Ngaten kémawon, mbénjing samasa
kula nyerang kitha ngriki, tangsul abrit
menika sampéyan klèwèraken ing
jendhéla ingkang kula anggé medhak
wau. Bapa lan biyung sampéyan,
sedhèrèk-sedhèrèk lan kulawarganipun
bapa sampéyan, sampéyan klempakna
ing griya ngriki.
19 Yèn wonten salah setunggal ingkang
medal saking griya lajeng pejah, menika
lepatipun piyambak, sanès lepat kula.
Yèn wonten tiyang ing griya ngriki
ngantos ketaton, kula ingkang tanggel
jawab.
20 Nanging menawi sampéyan criyos-
criyos dhateng tiyang sanès bab enggèn
kula wonten ngriki, kula luwar saking
janji kula."
21 Rahab nyetujoni rembugé telik
mau lan banjur dipamiti. Rahab banjur

nalèkaké tali abang mau ana ing
jendhélané.
22 Telik loro mau mlaku tekan
pegunungan sarta ndhelik ana ing kono.
Para utusané raja ndlajahi daérah kono
nggolèki telik loro mau nganti telung
dina lawasé, nanging ora bisa nemokaké.
Mulané banjur padha bali menyang
Yérikho.
23 Telik loro mau banjur medhun saka
pegunungan lan nyabrang Kali Yardèn.
Kabèh sing padha dialami dicritakaké
marang Yosua.
24 Lapuran mau dipungkasi srana matur,
"Èstu, negari menika sawetahipun
sampun kaulungaken déning Allah
dhateng tangan kita. Tiyang ing ngrika
sedaya sami ajrih dhateng kita."

3 1 Ésuké, isih umun-umun, Yosua
lan umat Israèl kabèh wis padha
tangi, banjur mbedhol kémahé ing Lebak
Sitim, lunga menyang pinggiring Kali
Yardèn. Kémahé nuli dipasang menèh
karo ngentèni wektuné nyabrang.
2 Sawisé telung dina para penggedhé
mider-mider nekani saben kémah,
3 lan kandha mengkéné, "Samasa
kowé weruh para imam mikul Pethining

Prejanjiané Pangéran Allahmu, kowé
énggal padha budhala nututi Pethi mau.
4 Para imam kuwi sing bakal nuduhaké
dalanmu, merga kowé durung tau
mréné. Mung lakumu aja cedhak-cedhak
karo Pethi mau, diletana wetara
sakilomèter."
5 Yosua kandha karo wong Israèl kabèh,
"Kowé padha sesucia,[b] sebab sésuk
Pangéran bakal damel kaélokan ana ing
tengahmu."
6 Yosua banjur dhawuh marang para
imam ngangkat Pethining Prejanjian
lan budhal ndhisiki lakuné wong Israèl.
Para imam padha nindakaké apa sing
didhawuhaké Yosua.
7 Pangandikané Allah marang Yosua,
"Wiwit dina iki kowé bakal Dakluhuraké
ing sangarepé bangsa Israèl, temahan
wong kabèh bakal padha ngurmati
marang kowé lan ngerti yèn Aku nunggil
karo kowé, kaya enggon-Ku nunggil karo
Musa.
8 Saiki dhawuha marang para imam
sing mikul Pethining Prejanjian supaya
satekané ing Kali Yardèn, padha
medhuna ing banyu, nuli mandhega."

---

[b]sesuci: ngresiki, ndamel supados dados suci.

9 Yosua banjur nglumpukaké wong
Israèl, nuli dikandhani mengkéné,
"Padha rungokna dhawuhé Pangéran
Allahmu.
10 Yèn kowé mengko maju perang,
Pangéran mesthi bakal nundhungi
wong-wong Kenaan, Hèt, Hèwi, Fèris,
Girgasi, Amori lan Yébus. Kowé bakal
weruh yèn Allah kang asipat gesang ana
ing tengahmu, yakuwi
11 samasa Pethi Prejanjiané Allahé langit
lan bumi ana ing ngarepmu ndhisiki
lakumu nyabrang ing Kali Yardèn.
12 Saiki miliha wong rolas, saka saben
taler siji.
13 Mengko samasa para imam sing
mikul Pethi Prejanjian napakaké sikilé
ana ing banyuné Kali Yardèn, iliné banyu
bakal kandheg, lan banyu sing saka
ndhuwur bakal mambeg."
14 Nalika semono lagi mangsa panèn
lan kaya padatan yèn mangsa panèn
Kali Yardèn kuwi banyuné mbludag.
Nalika wong Israèl budhal saka papan
palèrèhané, arep nyabrang Kali Yardèn,
para imam mlaku ing ngarep dhéwé
nggawa Pethining Prejanjian. Kocapa

bareng tlapakané para imam ngidak
banyuning kali,
15 (3:14)
16 iliné banyu banjur kandheg. Banyu
sing mili saka ndhuwur mandheg ing
Adam, yakuwi kutha sing dunungé ana
ing sacedhaké Sartan. Banyu sing mili
menyang Segara Mati dadi pedhot,
temahan umat Israèl bisa mlaku ing
dhasaring kali sing asat, tekan ing papan
sangarepé kutha Yérikho. Para imam
sing mikul Pethining Prejanjian padha
mandheg ing tengahé kali, nganti wong
Israèl kabèh wis rampung enggoné
padha nyabrang ing Kali Yardèn mau.
17 (3:16)

4 1 Bareng wong kabèh wis rampung
enggoné nyabrang Kali Yardèn,
Gusti Allah banjur ngandikani Yosua
mengkéné,
2 "Miliha wong rolas, saben taler siji.
3 Dhawuhana njupuk watu rolas saka
ing tengahé Kali Yardèn, ing panggonané
para imam padha ngadeg. Watu-watu
mau konen nggawa menyang panggonan
sing arep dienggo pasang kémah,
kanggo turu mengko bengi."

4 Yosua banjur nglumpukaké wong rolas
sing wis dipilih mau,
5 nuli dikandhani mengkéné, "Menyanga
ing Kali Yardèn, ing sangarepé Pethi
Prejanjiané Pangéran Allahmu. Njupuka
watu sing ana ing kono, saben wong
nggawa siji, kanggo saben taleré Israèl
watu siji.
6 Watu-watu mau minangka pengéling-
éling kanggo umat Israèl, bab apa
sing wis katindakaké déning Pangéran.
Mbésuk yèn anak-anakmu padha takon
apa tegesé watu-watu kuwi,
7 kandhakna yèn nalika Pethining
Prejanjian dipikul, nyabrang, iliné Kali
Yardèn kandheg ing kéné. Watu-watu
mau bakal tansah ngélingaké bangsa
Israèl marang apa sing kelakon ana ing
kéné."
8 Wong rolas mau nuli nglakoni apa
sing didhawuhaké. Lan kaya sing wis
dingandikakaké déning Allah marang
Yosua, wong-wong mau padha njupuk
watu rolas saka ing tengahé Kali
Yardèn, saben taler watu siji, lan digawa
menyang panggonané pasang kémah.
9 Ana ing tengahé Kali Yardèn, Yosua
iya numpuk watu rolas, pas ing

panggonané para imam sing mikul
Pethining Prejanjian mau padha ngadeg.
(Watu-watu mau isih ana tekan sepréné.)
10 Para imam sing padha mikul Pethining
Prejanjian mau tetep padha ngadeg ana
ing tengahé Kali Yardèn kono nganti
wong-wong sing didhawuhi njupuk
watu rampung enggoné nindakaké
dhawuhé Gusti Allah lantaran Yosua. Iki
kabèh cocog karo pituduh-pituduh sing
diparingaké déning Musa marang Yosua.
Umat Israèl énggal-énggal nyabrang.
11 Cocog karo pituduhé Musa,
para prejurité taler Rubèn, Gad lan
sapéranganė taler Manasyè sing wis
siaga ing perang mlaku ing ngarep
dhéwé, ndisiki lakuné umat kabèh,
nyabrang ing Kali Yardèn. Allah nunggil
karo prejurit sing nggawa gegaman
sapepaké mau. Cacahé kabèh ana
patang puluh èwu; enggoné mentas ana
ing aréné Yérikho. Sawisé umat Israèl
kabèh rampung enggoné nyabrang,
para imam sing padha mikul Pethining
Prejanjian banjur mlaku menèh ing
ngarepé umat.
12 (4:11)
13 (4:11)

14 Ing dina kuwi Allah nindakaké
kaélokan-kaélokan sing marakaké
bangsa Israèl kabèh éring marang Yosua
lan ngakoni Yosua dadi pemimpining
bangsa. Kaya mengkono umat Israèl
enggoné ngurmati marang Yosua, sajegé
uripé, ora béda karo enggoné ngurmati
marang Musa.
15 Gusti Allah dhawuh karo Yosua,
16 supaya para imam sing padha mikul
Pethining Prejanjian padha mentas.
17 Yosua nuli nglakoni apa sing
didhawuhaké déning Allah.
18 Kacrita, bareng para imam mentas
saka ing Kali Yardèn, kaliné banjur mili
menèh kaya sing uwis-uwis.
19 Mentasé umat Israèl saka ing Kali
Yardèn mau mbeneri tanggal sepuluh
sasi kapisan. Banjur padha pasang
kémah ing Gilgal, sawétané kutha
Yérikho.
20 Ana ing papan kono Yosua numpuk
watuné rolas olèhé nggawa saka kali.
21 Yosua banjur kandha karo umat
Israèl, "Mbésuk yèn anak-anakmu padha
takon apa tegesé watu-watu iki,
22 padha critakna lelakon sing dialami
umat Israèl nalika nyabrang ing Kali

Yardèn kéné, yaiku enggoné mlaku
ngambah lemah gasik.
23 Anak-anakmu critanana yèn Pangéran
Allahmu ndadèkaké Kali Yardèn garing
kanggo umaté, nganti wong kabèh
rampung enggoné nyabrang, ora béda
karo nalika Panjenenganè ndadèkaké
Segara Teberau asat kanggo umaté.
24 Merga saka lelakon mau wong
sajagad kabèh bakal padha weruh
gedhéning pangwasané Allah. Lan kowé
kabèh iya bakal ngluhuraké Pangéran
Allahmu ing selawas-lawasé."

5 1 Raja-raja Amori kabèh, sing padha
manggon sing sisih kuloné Kali
Yardèn lan raja-raja Kenaan, sing padha
manggon ing sauruting pesisiré Segara
Tengah, padha krungu yèn Allah wis
ndadèkaké Kali Yardèn asat, nalika umat
Israèl nyabrang ing kali mau nganti
rampung. Raja-raja mau temah padha
geter atiné merga saka wediné karo
wong Israèl.
2 Sawisé mengkono ana dhawuhé
Gusti Allah marang Yosua mengkéné,
"Gawéa péso saka watu, nuli umat Israèl
tetakana."

3 Yosua nuli nindakaké apa sing
didhawuhaké déning Pangéran mau.
Wong-wong Israèl padha ditetaki ana
ing Gunung Arod, ing panggonan sing
disebut: "Punthuk Tetakan."
4 Nalika wong Israèl padha metu saka
ing tanah Mesir, wong lanang kabèh wis
padha ditetaki. Nanging nalika padha
nglembara ing ara-ara samun patang
puluh taun, anak-anaké lanang durung
padha ditetaki. Mangka wong-wong
lanang sing nalika metu saka ing Mesir
wis diwasa lan bisa mèlu perang, nalika
rampungé wektu patang puluh taun
mau wis padha mati kabèh, merga
padha ora mbangun-turut karo dhawuhé
Gusti Allah. Lan cocog karo dhawuhé,
wong-wong mau padha ora pareng
ndeleng tanah subur lan makmur sing
dijanjèkaké déning Gusti Allah marang
para leluhuré.
5 (5:4)
6 (5:4)
7 Anak-anaké lanang wong-wong sing
padha mati mau, kabèh durung ditetaki.
Ya turunan anyar kuwi sing ditetaki
déning Yosua.

[8] Sawisé rampung kabèh enggoné
netaki, umat Israèl isih ngaso ana ing
palèrènan kono, nganti sing padha tetak
wis mari tatuné.
[9] Pangéran banjur ngandika marang
Yosua mengkéné, "Ing dina iki
kanisthané wong Israèl enggoné
dadi batur-tukon ing tanah Mesir wis
Daklebur." Mulané panggonan mau tekan
sepréné disebut Gilgal.
[10] Sajroné lèrèn ing Gilgal, ing
aréné[c] Yérikho, bangsa Israèl padha
ngriayakaké Paskah, ing wayah bengi
tanggal patbelas sasi mau.
[11] Ésuké padha mangan sing kawitan
pametuné tanah Kenaan. Yakuwi: roti
tanpa ragi lan gandum sing dipanggang.
[12] Wiwit dina kuwi wong Israèl ora
mangan manna menèh, merga wis ora
katibakaké menèh saka ing langit. Dadi
wiwit dhèk semana wong Israèl padha
mangan pametuné tanah Kenaan.
[13] Nalika Yosua ana ing sacedhaké
kutha Yérikho dumadakan weruh wong
lanang ngadeg ing ngarepé, nggawa
pedhang ligan.[d] Wong mau nuli dicedhaki

---

[c]aré: lebak (lembah, bhs. Ind.).
[d]ligan: terhunus (bhs. Ind.).

lan ditakoni, "Sampéyan menika kanca
menapa mengsah?"
14 Wangsulané wong mau, "Aku dudu
kanca lan dudu mungsuh. Aku ana ing
kéné dadi sénapatiné tentarané Allah."
Krungu sing mengkono mau Yosua
banjur sumungkem ing bumi saos bekti.
Aturé Yosua, "Kula menika kang abdi.
Menapa wonten dhawuh ingkang kedah
kula lampahi?"
15 Sénapatiné Pangéran paring
wangsulan, "Trumpahmu copoten, awit
papan sing kokenciki kuwi bumi suci."
Yosua banjur nyopot trumpahé.

6 1 Gapura-gapurané kutha Yérikho
wis ditutup rapet lan dijaga keras,
supaya wong Israèl aja bisa mlebu. Ora
ana wong metu utawa mlebu.
2 Pangandikané Pangéran marang
Yosua, "Saiki kutha Yérikho wis
Dakulungaké marang kowé, dalah rajané
lan tentarané kabèh, sing kesuwur
kekendelané.
3 Kowé lan tentaramu kudu baris
ngubengi kutha kuwi, sedina sepisan,
nganti nem dina.
4 Imam pitu, nggawa slomprèt siji-siji,
kudu mlaku ing sangarepé Pethi

Prejanjian. Ing dina kapituné kowé lan
tentaramu kudu ngubengi kutha mau
ping pitu lan para imam kudu ngunèkaké
slomprèté.
5 Sawisé mengkono para imam banjur
kudu ngunèkaké tandha, sing uniné
dawa. Yèn krungu uniné tandha sing
dawa mau, wong lanang kabèh kudu
padha surak-surak sing seru banget.
Témbok-témboké kutha temah bakal
rubuh. Tentaramu banjur kudu gelis
mlebu ing kutha mau."
6 Yosua nuli nimbali para imam,
dikandhani mengkéné, "Pethining
Prejanjian jupuken. Wong pitu ing
antaramu kudu mlaku ing sangarepé
Pethi karo ngunèkaké slomprèt."
7 Yosua banjur awèh aba supaya
tentarané baris ngubengi kutha. Sing
ngarep dhéwé barisan pengawal, banjur
Pethining Prejanjiané Allah.
8 Kaya sing didhawuhaké déning Yosua
mau, barisan pengawal banjur mlaku
ing ngarep, disusul imam-imam sing
ngunèkaké slomprèt, banjur para
imam sing mikul Pethining Prejanjian,
nuli sing mburi dhéwé barisané para

prejurit. Sajroné padha baris, slomprèté
diunèkaké terus.
9 (6:8)
10 Pasukan kabèh wis didhawuhi ora
kena surak utawa kumecap yèn Yosua
durung awèh aba.
11 Yosua banjur ngabani wong Israèl
ngubengi kutha Yérikho karo nggawa
Pethi Prejanjian kaping sepisan, nuli bali
menèh ing palèrènan lan nginep ana ing
kono.
12 Ésuké, isih umun-umun Yosua wis
tangi. Para imam lan tentara padha
dikon baris menèh ngubengi kutha.
Urut-urutané barisan kaya sing uwis,
yakuwi: barisan pengawal ngarep,
banjur imam pitu sing ngunèkaké
slomprèt, nuli imam-imam sing mikul
Pethining Prejanjian, lan sing kèri dhéwé
pengawal mburi. Sajroné padha baris,
slomprèt-slomprèt diunèkaké terus.
13 (6:12)
14 Ing dina kapindho mau kuthanè
diubengi sepisan, sawisé mengkono
banjur padha bali menyang palèrènané
menèh. Kaya mengkono mau ditindakaké
saben dina, nganti nem dina.

15 Ing dina kapitu, nalika srengéngéné
lagi mlethèk, kutha Yérikho diubengi
menèh carané kaya sing uwis-uwis,
mung waé ing dina kuwi enggoné
ngubengi kaping pitu.
16 Bareng wis mubeng sing kaping
pituné Yosua banjur mènèhi aba, supaya
tentara kabèh padha surak-surak.
Yosua kandha mengkéné, "Allah wis
ngulungaké kutha iki marang kowé!
17 Kutha lan saisiné kabèh kudu
ditumpes babar-pisan, kita dadèkaké
pisungsung konjuk marang Allah.
Mung Rahab, wanita tuna susila lan
sakulawargané waé kudu diuripi, merga
wis ngayomi marang para telik kita.
18 Kowé kabèh ora kena njupuk
apa-apa saka barang-barang sing kudu
disirnakaké mau. Yèn ana sing njupuk,
palèrènan kita bakal kena ing paukuman.
19 Kabèh barang sing rupa slaka, emas,
tembaga lan wesi kudu didhèwèkaké,
dipilih kagem Gusti Allah; lan kudu
digawa mlebu ing panggonané nyimpen
barang-barang sing konjuk marang
Allah."
20 Para imam banjur padha ngunèkaké
slomprèté. Bareng krungu uniné

slomprèt mau wong Israèl banjur
padha surak-surak sakatogé, temah
témbok-témboké kutha Yérikho padha
jugrug. Pasukan-pasukan Israèl sanalika
iku uga banjur mlebu ing kutha lan
ngrebut kutha mau.
21 Warga kutha kono kabèh, tuwa-
nom, lanang-wadon dipatèni nganggo
pedhang. Semono uga sakèhé raja-kaya,
sapi, wedhus, kuldi, iya padha dipatèni.
22 Yosua ndhawuhi telik loro sing biyèn
diutus, mengkéné, "Mlebua ing omahé
Rahab, wanita tuna susila kaé, konen
metu karo kulawargané, bapa-biyungé,
sedulur-seduluré lan sanak-seduluré
liyané kaya sing dadi janjiné."
23 Wong nom sing didhawuhi banjur
mlebu; Rahab sakulawargané mau
banjur diboyong menyang panggonan
sing aman, ing sacedhaké paleremané
wong Israèl.
24 Sawisé mengkono tentara Israèl
banjur ngobong kutha Yérikho lan
saisiné kabèh, kejaba barang-barang
sing digawé saka emas, slaka, tembaga
lan wesi. Barang-barang mau dipisahaké
lan disimpen ing panggonané nyimpen
barang-barang sing kagem Gusti Allah.

25 Déné Rahab lan kulawargané kabèh
diuripi déning Yosua, jalaran wis awèh
pengayoman marang para telik sing
diutus déning Yosua menyang Yérikho.
(Tekan sepréné anak-turuné Rahab isih
manggon ing Israèl.)
26 Nalika semono Yosua ndhawuhaké
larangan mengkéné, "Sapa waé sing arep
ngedegaké kutha Yérikho bakal kena
ing paukumané pangéran. Sapa sing
masang pondhasi ing kono bakal kepatèn
anaké pembarep, lan sapa sing arep
masang gapura lan lawang-lawangé,
bakal kélangan anaké ragil."
27 Gusti Allah nunggil karo Yosua, lan
jenengé Yosua kesuwur ing tanah kono
kabèh.

7 1 Gusti Allah wis ndhawuhi umat
Israèl, yèn apa waé sing ana ing
kutha Yérikho kudu disirnakaké. Ora
ana barang siji waé sing olèh dijupuk.
Nanging dhawuh mau ora dièstokaké.
Ana wong lanang, jenengé Akhan, nerak
larangan mau, temah Gusti Allah duka
banget karo umat Israèl kabèh. (Akhan
kuwi anaké Karmi, putuné Zabdi, trahé
Zérah, saka taler Yéhuda.)

2 Nalika semono Yosua ngutus wong
sawetara lunga saka kutha Yérikho
menyang kutha Ai, sawijining kutha
cilik ing sawétané kutha Bètèl, cedhak
Bèt-Awèn. Wong-wong sing diutus mau
dikon nelik kutha Ai. Sawisé nglakoni
tugasé,
3 wong-wong mau banjur padha lapur
marang Yosua, aturé, "Kula kinten
mboten prelu kita sedaya nglurug
dhateng kitha Ai. Tiyang kalih utawi
tigang èwu kémawon sampun cekap,
mergi kithanipun namung alit kémawon."
4 Dadiné sing dikirim nyerang kutha
Ai mung wong telung èwu. Nanging
wong-wong mau dilawan nganti kepeksa
mundur,
5 lan dioyak déning wong Ai saka
gapurané kutha nganti adoh banget,
karo matèni wong Israèl telung puluh
nem ing pèrèngé gunung. Mulané wong
Israèl banjur geter atiné.
6 Yosua lan para penggedhéné umat
Israèl padha sedhih banget. Banjur
padha nyuwèk-nyuwèk penganggoné
lan sedina sewengi ungkeb-ungkeb ing
bumi, ing sangarepé Pethi Prejanjian,
karo sirahé diuwur-uwuri awu, kanggo

nélakaké sedhihing atiné, merga
kepatèn.
7 Unjuké Yosua marang Allah, "Dhuh
Pangéran, Allah kawula! Menapa
ginanipun Paduka ngirid kawula
sami dumugi ing sabranging Lèpèn
Yardèn menika? Menapa namung badhé
ngulungaken kawula dhateng tanganipun
tiyang Amori? Menapa supados kawula
sami dipun pejahi ing ngriki? Rak
langkung prayogi menawi kawula sami
pejah wonten ing sawétaning Lèpèn
Yardèn kémawon?
8 Dhuh Pangéran. Tiyang Israèl
sampun dipun lawan lan kadhesek
mundur. Samenika kawula kedah matur
kadospundi?
9 Tiyang-tiyang Kenaan lan tiyang
sanès-sanèsipun ing daérah ngriki
sedaya badhé mireng prekawis menika.
Temtu kawula lajeng sami badhé
dipun kepung lan dipun pejahi sedaya!
Lajeng menapa ingkang badhé Paduka
tindakaken kanggé mulihaken kaluhuran
Paduka?"
10 Pangandikané Allah, "Tangia! Yagéné
kowé kokungkeb-ungkeb ana ing bumi
mengkono?

11 Wong Israèl wis gawé dosa. Rak wis
padha Dakdhawuhi supaya ngèstokaké
prejanjian-Ku, nanging padha diterak!
Barang-barang sing mesthiné kudu
disirnakaké, ana sing dijupuk. Barang-
barang mau dicolong lan didhelikaké ing
antarané barang-barangé dhéwé, lan
éthok-éthok ora ngerti!
12 Yakuwi sebabé olèhé perang kalah.
Enggoné kadhesek mundur kuwi
merga dhèwèké dhéwé wis kena ing
paukuman lan arep disirnakaké. Aku
ora arep nunggil karo kowé menèh, yèn
barang-barang sing ora kena dijupuk
mau durung disirnakaké.
13 Saiki ngadega, Yosua! Umat Israèl
sucèkna, konen ngadhep ing ngarsa-
Ku. Préntahna supaya sésuk padha
nglumpuk, merga Aku Pangéran, Allahé
Israèl arep ngandika mengkéné, ‘Hé
wong Israèl! Barang-barang sing wis
Dakdhawuhaké supaya disirnakaké,
sapérangan ana sing kokpèk. Sadurungé
barang-barang mau kokbuwang, kowé
bakal tansah kalah karo mungsuhmu.’
14 Mulané Yosua, kandhanana yèn
sésuk-ésuk saben taler bakal dipriksa.
Yèn ana taler sing katuding, kabèh trah

sing ana ing taler mau kudu maju. Lan
yèn Aku nuding salah sijiné trah, kabèh
brayat sing ana ing trah mau kudu maju.
Sawisé kuwi yèn Aku nuding salah sijiné
brayat, kabèh wong sing ana ing brayat
mau kudu maju siji-siji.
15 Lan wong sing dituding lan ketitik
nyimpen barang-barang larangan mau,
wong mau kudu diobong, bareng karo
brayaté lan barang-darbèké kabèh.
Merga wong kuwi sing nerak prejanjian
lan nekakaké kanisthan gedhé ing
ngatasé umat Israèl."
16 Ésuké, isih umun-umun, Yosua
nyowanaké bangsa Israèl ing ngarsané
Pangéran, sataler-sataler. Taler Yéhuda
katuding.
17 Yosua banjur ngakon maju,
trah siji-siji. Trahé Zérah katuding.
Yosua banjur ngajokaké trahé Zérah,
sebrayat-sebrayat. Brayaté Zabdi sing
katuding.
18 Sawisé mengkono Yosua banjur
ngajokaké brayaté Zabdi, wongé
ditimbali siji-siji. Sing katuding Akhan,
anaké Karmi, putuné Zabdi.
19 Kandhané Yosua marang Akhan,
"Nggèr, akonana lan matura ing

ngarsané Pangéran, Allahé Israèl.
Blakakna marang aku apa sing wis
koklakoni, aja ana sing koktutup-tutupi."
20 Aturé Akhan, "Leres, Pak; kula
sampun damel dosa ing ngarsanipun
Pangéran, Allahipun Israèl. Kula sampun
nglampahi mekaten:
21 Ing antawisipun barang-barang
ingkang kita rebat, kula sumerep wonten
jubah Babilonia ingkang saé sanget. Kula
inggih sumerep wonten slaka menapa,
wetawis kalih kilogram, lan emas
salonjor ingkang awratipun wetawis
setengah kilogram. Kula kepéngin
nggadhahi barang-barang menika, mila
lajeng kula pendhet. Barang-barang wau
sedaya lajeng kula pendhem wonten
ing tengahing kémah kula; slakanipun
kula sukakaken wonten ing ngandhap
piyambak."
22 Yosua banjur énggal-énggal utusan
wong menyang kémahé Akhan. Nyata
barang-barang mau kabèh dipendhem
ana ing kémahé Akhan, slakané
disèlèhaké ana ing ngisor dhéwé.
23 Barang-barang mau banjur dijupuk
lan digawa menyang ngarepé Yosua lan

wong Israèl kabèh, nuli disuntak ana ing
ngarsané Allah.
24 Akhan banjur dicekel déning Yosua
lan wong Israèl kabèh, digawa menyang
Lebak Akhor, saanak-anaké, sapiné,
kuldiné, wedhusé, kémahé lan sabarang
duwèké kabèh, mengkono uga slaka,
jubah lan emas olèh-olèhané nyolong.
25 Kandhané Yosua marang Akhan,
"Yagéné kowé kokgawé susahé umat
Israèl? Saiki genti Pangéran bakal
nekakaké kasusahan marang kowé."
Wong Israèl kabèh banjur mbenturi
Akhan nganggo watu nganti mati.
Brayaté lan barang-darbèké kabèh iya
dibenturi watu lan diobong nganti entèk.
26 Sawisé mengkono banjur ditumpuki
watu akèh banget. Watu-watu mau isih
ana tekan sepréné. Mulané panggonan
kono tekan sepréné karan "Lebak
Akhor". Dukané Allah banjur lilih.

8 1 Gusti Allah ngandika karo Yosua,
"Lungaa karo tentaramu kabèh
menyang Ai. Aja geter lan aja wedi!
Kowé bakal ngalahaké raja Ai; rakyaté,
kuthané lan tanah jajahané kabèh bakal
dadi duwèkmu.

2 Ai lan rajané kudu kokpatèni kaya
Yérikho lan rajané dhèk semana.
Nanging saiki barang-barang lan
raja-kayané olèh kokjupuk lan kokpèk
dhéwé. Padha cecawisa nyerang kutha
mau saka mburi, ing wektu sing ora
kanyana-nyana."
3 Yosua banjur tata-tata nglurugi Ai
karo nggawa balané kabèh. Yosua milih
prejurit telung puluh èwu sing apik
dhéwé, dikon nyerang kutha mau ing
wayah bengi,
4 karo dikandhani mengkéné, "Kowé
ndhelika ing sisih kanané kutha, nanging
aja adoh-adoh; kowé kudu terus siaga,
siap nyerbu kutha kuwi.
5 Aku lan wongku daknyedhaki kutha
mau saka sisih kéné. Yèn wong Ai
metu saka ing kuthané arep methukaké
perang nglawan aku, aku dakréka-réka
mbalik lan mlayu kaya dhèk biyèn.
6 Wong Ai bakal ngoyak aku terus nganti
adoh saka kuthané, kaya sing wis.
7 Yèn wis ngono kowé nuli metua saka
pandhelikanmu lan ngrebut kutha kuwi.
Pangéran Allahmu bakal ngulungaké
kutha Ai marang kowé.

8 Sawisé kokrebut kutha mau banjur
kudu kokobong kaya dhawuhé Gusti
Allah. Wis, lakonana!"
9 Sing padha kautus banjur mangkat,
nuli padha ndhelik ngentèni ing sakuloné
kutha Ai, yakuwi ing antarané Ai lan
Bètèl. Yosua dhéwé nginep ana ing
palèrènan.
10 Ésuké sawisé tangi, Yosua ngabani
prejurit-prejurité supaya padha
nglumpuk. Yosua lan para penggedhéné
Israèl nuli ngirid tentara mau menyang
Ai.
11 Lakuné ngener ing gapurané sing
gedhé dhéwé, nuli pasang kémah ing
saloré kutha. Ing antarané panggonané
pasang kémah lan kutha Ai ana tanahé
rata.
12 Sakuloné kutha ana prejurité kurang
luwih limang èwu sing dikon ndhelik ana
ing antarané Ai lan Bètèl.
13 Tentarané Yosua ditata mengkéné:
pasukan tempur diprenahaké ing saloré
kutha, pasukan liyané ing sisih Kulon.
Yosua dhéwé nginep ing lebak[e] sing
tanahé rata.

---

[e]lebak: lembah (bhs. Ind.).

14 Bareng raja Ai weruh prejurité Yosua,
banjur énggal-énggal tumindak. Raja
mau lan tentarané kabèh metu menyang
Lebak Yardèn arep nempuh wong-wong
Israèl ing panggonané sing dhisik; ora
ngerti yèn sedhéla menèh dhèwèké
bakal diserang saka mburi.
15 Yosua lan tentarané réka-réka
keplayu; playuné ing ara-ara samun.
16 Wong lanang ing kutha Ai kabèh
dikon metu ngoyak Yosua lan tentarané.
Saya adoh enggoné ngoyak Yosua, saya
adoh wong-wong mau saka ing kuthané.
17 Mengkono saben wong ing Ai metu
mburu wong Israèl, temah kuthané
ditinggal suwung, tanpa dijaga.
18 Gusti Allah banjur ngandika marang
Yosua, "Tumbakmu angkaten lan
acungna menyang Ai. Kutha kuwi wis
Dakulungaké marang kowé." Yosua
banjur nindakaké apa sing didhawuhaké
déning Pangéran.
19 Weruh Yosua ngacungaké tanganė,
pasukan sing ndhelik énggal-énggal
metu saka pandhelikané, banjur nyerbu
mlebu ing kutha lan ngrebut kutha mau.
20 Wong-wong Ai bareng nolèh memburi
banjur weruh kebul kumelun sundhul

ing langit. Yosua lan wadyabalané uga
weruh kebul mau lan ngerti yèn pasukan
liyané wis mlebu lan ngrebut kuthané.
21 (8:20)
22 Pasukan sing wis mlebu kutha mau
banjur mèlu campuh ing perang. Kaya
mengkono wong-wong Ai kakepung
déning tentara Israèl, lan dipatèni
kabèh. Siji waé ora ana sing lolos, kabèh
dipatèni.
23 Mung raja Ai sing urip. Raja mau
dicekel lan digawa ngadhep marang
Yosua.
24 Kaya mengkono tentara Israèl wis
matèni tentarané mungsuh sing mauné
ngoyak dhèwèké tekan ara-ara samun.
Sabaliné ing Ai saka pesamunan,
mungsuh mau dipatèni kabèh.
25 Yosua terus waé ngacungaké
tumbaké menyang Ai lan ora didhun-
dhunaké nganti wong Ai wis dipatèni
kabèh. Ing dina kuwi wong saisiné kutha
Ai mati kabèh. Cacahé lanang lan wadon
ana rolas èwu.
26 (8:25)
27 Déné raja-kaya lan barang-barang
ing kutha kono dijarah-rayah lan
olèh-olèhané kena dipèk wong Israèl

dhéwé, kaya sing didhawuhaké déning
Pangéran marang Yosua.
28 Ai diobong déning Yosua lan ditogaké
dadi gempuran tekan sepréné.
29 Raja Ai digantung ing wit lan
ditogaké ing kono nganti soré. Bareng
srengéngéné surup, Yosua kongkonan
wong ngedhunaké jisimé raja mau
digawa menyang dalan sing arep mlebu
ing kutha. Jisimé banjur diurugi nganggo
watu akèh banget. Watu-watu mau isih
ana tekan sepréné.
30 Sawisé mengkono Yosua banjur yasa
mesbèh ing Gunung Ébal konjuk marang
Pangéran, Allahé Israèl.
31 Mesbèh mau digawé miturut pituduh-
pituduhé Musa, abdiné Allah, marang
Israèl, merga ing Kitabé Musa ana tulisan
mengkéné, "Mesbèh mono kudu digawé
saka watu-watu sing durung tau digarap
nganggo piranti saka wesi." Wong-wong
Israèl padha nyaosaké kurban obongan
lan korban keslametan konjuk marang
Allah.
32 Yosua nulis dhawuh-dhawuhé Allah
sing kasebut ing Kitabé Musa, ana ing
watuné mesbèh mau, diseksèni déning
wong Israèl kabèh.

[33] Wong-wong Israèl karo para
penggedhé, para perwira, para hakim
lan uga wong-wong manca sing
manggon ing antarané wong Israèl
padha ngadeg ing sisih kiwa lan sisih
tengené Pethi Prejanjian. Patrapé
ngadhepaké para imam Lèwi sing mikul
Pethi mau, sing separo madhep marang
Gunung Gérizim, sing separo madhep
marang Gunung Ébal. Kabèh mau wis
didhawuhaké déning Musa, abdiné
Allah, marang bangsa Israèl lan kudu
ditindakaké samasa wis nampa berkah
sing dijanjèkaké déning Allah.
[34] Yosua banjur maos dhawuh-dhawuhé
Gusti Allah klawan swara sora, cocog
karo sing katulis ing Kitab Angger-
anggeré Allah, sing isi berkah-berkah lan
paukuman-paukuman.
[35] Saben dhawuh sing katulis Musa ana
ing Kitab Angger-anggeré Allah mau
diwaosaké déning Yosua marang umat
Israèl sing nglumpuk ana ing kono,
semono uga wong wadon, bocah lan
wong-wong manca sing manggon ing
tengahé wong Israèl.

9 [1] Kabar bab menangé bangsa Israèl
wis keprungu déning raja-raja

sing ana ing sakuloné Kali Yardèn, ing
pegunungan, ing aré, lan ing pesisiré
Segara Tengah, nganti tekan Libanon
sing sisih Lor, yakuwi raja-raja Hèt,
raja-raja Amori, Kenaan, Fèris, Hèwi, lan
Yébus.
2 Raja-raja mau kabèh padha sarujuk
merangi Yosua lan bangsa Israèl
bebarengan.
3 Nanging wong-wong Gibéon wis padha
krungu apa sing ditindakaké déning
Yosua marang Yérikho lan Ai.
4 Mulané banjur padha arep gentèn
ngakali Yosua. Banjur padha nggawa
sangu pangan, diwadhahi karung-karung
sing wis lawas, semono uga nggawa
wadhah anggur saka kulit, sing rupané
wis èlèk, diemotaké ing kuldiné.
5 Banjur padha nganggo sandhangan
rowak-rawèk lan trumpah lawas sing
ditambal-tambal. Roti sing dienggo
sangu mau roti lawas, sing wis garing
lan jamuren.
6 Mengkono kaananané nalika wong-wong
Gibéon mau padha teka ing palèrènané
wong Israèl ing Gilgal. Aturé marang
Yosua lan wong-wong Israèl, "Dhateng
kula saking negari ingkang tebih

sanget, saprelu damel prejanjian kaliyan
sampéyan sedaya."
7 Wangsulané wong-wong Israèl,
"Kanggé menapa kula sami damel
prejanjian kaliyan sampéyan? Saged ugi
sampéyan namung saking celak ngriki
kémawon."
8 Wangsulané wong-wong Gibéon, "Kula
manut sakersa sampéyan." Pitakoné
Yosua, "Sampéyan sinten, lan asal
sampéyan pundi?"
9 Wong-wong Gibéon mau banjur
crita marang Yosua mengkéné,
"Asal kula saking negari ingkang
tebih sanget, ndara. Kula sami
mireng pawartos bab Pangéran, Allah
sesembahan panjenengan. Kula sami
mireng samukawis ingkang sampun
katindakaken ing tanah Mesir.
10 Semanten ugi ingkang katindakaken
dhateng raja-raja Amori ing sawétanipun
Lèpèn Yardèn, Sihon, Raja Hèsbon, lan
Og, Raja Basan ingkang manggèn ing
Astarot.
11 Para pengageng lan rakyatipun negari
kula ndhawuhi kula sowan dhateng
panjenengan, mbekta sangu kanggé
wonten mergi. Kula dipun purih damel

prejanjian kaliyan panjenengan, ingkang
wosipun kula sami ndhèrèk ing sakersa
panjenengan.
12 Cobi panjenengan pirsani roti, sangu
kula menika. Nalika kula bidhal saking
griya, badhé sowan mriki, roti menika
taksih anget. Nanging samenika, cobi
panjenengan pirsani, rak sampun sami
garing lan jamuren.
13 Semanten ugi impes-impes anggur
menika. Nalika kula isèni, impes menika
taksih énggal. Nanging samenika, cobi
panjenengan pirsani! Rak sampun
sami suwèk. Sandhangan lan trumpah
kula sampun sami risak mergi saking
dangunipun lampah kula."
14 Wong-wong Israèl uga padha ngiling-
ilingi pangan, sanguné wong-wong
Gibéon sing dituduhaké mau, nanging
padha ora nyuwun pirsa karo Gusti Allah.
15 Yosua banjur gawé prejanjian
kekancan karo wong-wong Gibéon mau,
sing wosé ora arep matèni wong-wong
Gibéon. Para penggedhéné wong Israèl
padha sumpah, arep netepi prejanjian
mau.
16 Let telung dina sawisé dianakaké
prejanjian mau ketitik yèn wong-wong

Gibéon kuwi manggoné ora adoh saka
palèrènané wong Israèl.
17 Wong-wong Israèl banjur padha
budhal menyang panggonané para
utusan mau. Let telung dina wis tekan
ing panggonané wong-wong mau,
yakuwi kutha Gibéon, Kéfira, Baérot lan
Kiryat-Yéarim.
18 Nanging wong-wong Israèl ora bisa
matèni wong-wong ing kono, merga
para penggedhéné Israèl wis padha
sumpah ing Asmané Allah, yèn ora arep
matèni wong-wong mau. Temahan wong
Israèl kabèh padha nggrundeli para
penggedhéné.
19 Nanging para penggedhé mau
mangsuli, "Kepriyé menèh, aku wis
padha sumpah demi Asmané Pangéran,
Allahé Israèl. Saiki kita ora kena gawé
ruginé wong-wong kuwi.
20 Wong-wong kuwi kudu kita uripi,
sebab kita wis kalah janji. Yèn ora
mengkono, Gusti Allah bakal ngukum
kita.
21 Dadi wong-wong mau aja padha
kokpatèni, nanging beciké kita dadèkaké
tukang golèk kayu lan tukang amèk
banyu kanggo kita kabèh." Kaya

mengkono rembugé para penggedhé
mau.
22 Wong-wong Gibéon nuli ditimbali
ngadhep marang Yosua. Kandhané
Yosua, "Yagéné kowé padha ngapusi
aku, kandha yèn asalmu saka kutha
adoh, mangka nyatané manggonmu ana
ing kéné?
23 Sarèhné kowé wis ngapusi, mulané
kowé diukum déning Allah. Bangsamu
selawasé kudu golèk kayu lan ngangsu
kanggo Pedalemané Allahku."
24 Wangsulané wong-wong mau,
"Ndara, enggèn kula sami tumindak
mekaten wau mergi kula sampun mireng,
bilih Pangéran Allah panjenengan
sampun dhawuh dhateng Musa,
abdinipun, supados maringaken tanah
menika dhateng bangsa panjenengan,
sarta mejahi tiyang-tiyang ingkang
sami manggèn ing tanah ingkang
panjenengan dhatengi. Dados kula sami
ajrih sanget dhateng panjenengan, ajrih
menawi panjenengan pejahi; pramila
lajeng kepeksa ngapusi.
25 Samenika kula pasrah bongkokan,
badhé manut dhateng kersa
panjenengan."

26 Yosua banjur gawé putusan
mengkéné: Wong-wong Gibéon diayomi
lan ora kena dipatèni déning wong Israèl.
27 Nanging, kejaba kuwi wong-wong
mau didadèkaké tukang golèk kayu lan
tukang ngangsu kanggo umat Israèl
lan kanggo mesbèhé Gusti Allah. Tekan
sepréné wong-wong Gibéon padha
nindakaké pegawéané mau ana ing
papan pangibadah sing dipilih déning
Allah.
10 1 Adoni-Zèdèk, raja ing
Yérusalèm, krungu yèn Yosua wis
ngrebut lan nggempur kutha Ai, sarta
matèni rajané, kaya sing ditindakaké
marang kutha Yérikho lan rajané. Uga
krungu yèn wong-wong Gibéon wis gawé
prejanjian karo wong Israèl lan padha
manggon ing tengahé bangsa mau.
2 Wong-wong sing manggon ing kutha
Yérusalèm padha kuwatir, sebab Gibéon
gedhéné padha karo kutha-kutha
sing ana rajané; malah luwih gedhé
ketimbang karo Ai, tur menèh wong-
wong Gibéon kuwi prejurit-prejurit
gemblèngan.
3 Mulané Adoni-Zèdèk utusan nemoni
Raja Hoham ing Hébron, Raja Piréam ing

Yarmut, Raja Yafia ing Lakis, lan Raja
Debir ing Églon, didhawuhi mengkéné,
4 "Kula aturi suka pambiyantu dhateng
kula, mergi kula badhé nyerang kitha
Gibéon, awit tiyang Gibéon sampun
damel prejanjian kaliyan Yosua lan
tiyang-tiyang Israèl."
5 Raja lima mau, yakuwi raja Yérusalèm,
raja Hébron, raja Yarmut, raja Lakis
lan raja Églon padha kekancan, banjur
ngepung kutha Gibéon lan nyerang
kutha mau.
6 Wong-wong Gibéon nuli awèh kabar
marang Yosua ing palèrènan Gilgal
mengkéné, "Nyuwun tulung, ndara!
Sampun panjenengan tégakaken! Mugi
kersa paring pambiyantu! Tentaranipun
raja-raja Amori saking daérah paredèn
sampun saiyeg nglurug perang dhateng
kula sedaya!"
7 Yosua satentarané, klebu uga prejurit-
prejurit sing pilihan, banjur budhal saka
Gilgal nglurug perang.
8 Gusti Allah ngandika marang Yosua,
"Kowé aja wedi karo raja-raja kuwi,
merga kabèh wis Dakulungaké marang
kowé. Mulané siji waé ora bakal ana sing
bisa nadhahi kekuwatanmu."

9 Yosua satentarané sewengi muput
mlaku saka Gilgal menyang Gibéon,
banjur ora kenyana-nyana nyerang wong
Amori.
10 Atiné wong Amori digawé geter
déning Pangéran ngadhepi wong Israèl,
temah akèh wong Amori sing dipatèni
ana ing Gibéon. Sisané sing isih urip
mlayu medhun saka Gunung Bèt-Horon,
banjur dioyak déning tentara Israèl
nganti tekan Azéka lan Makéda sisih
Kidul.
11 Sajroné keplayu lan dioyak déning
wong Israèl, Gusti Allah ndhawahaké
udan ès prongkolan gedhé-gedhé sing
nibani bala Amori, ing sedalan-dalan
nganti tekan Azéka. Sing padha mati
ketiban ès mau cacahé luwih akèh
ketimbang karo sing dipatèni déning
tentara Israèl.
12 Ing dina mau nalika Pangéran
maringi kemenangan marang bangsa
Israèl ing perangé karo bangsa Amori,
Yosua matur ing ngarsané Pangéran,
karo diseksèni déning wong Israèl
sing ana ing kono, mengkéné, "Hé
srengéngé, mandhega ing ndhuwuré

Gibéon. Lan kowé rembulan! Aja gingsir
saka ndhuwuré Lebak Ayalon."
13 Srengéngé iya banjur mandheg
lan rembulan ora gingsir nganti para
mungsuhé wong Israèl wis ditelukaké
kabèh. Lelakon iki katulis ing Kitab Yasar.
Sedina muput srengéngéné mandheg
ing tengahing langit lan ora surup-surup.
14 Ora tau ana kedadéan sing kaya
mengkono, lan iya ora bakal kelakon
menèh; karepé manungsa dituruti nganti
semono déning Gusti Allah. Kuwi ora
liya merga Gusti Allah piyambak maju
perang mbélani bangsa Israèl!
15 Sawisé rampung perangé, Yosua
banjur mulih bebarengan karo tentarané
menyang palèrènané ing Gilgal.
16 Nanging raja Amori lima mau bisa
lolos lan ndhelik ing sawijining guwa ing
Makéda.
17 Bareng ana sing ngonangi panggonan
sing dienggo ndhelik mau, banjur kandha
marang Yosua.
18 Yosua nuli préntah, "Lawangé
guwa kuwi tutupen nganggo watu
gedhé-gedhé lan jaganen.
19 Kowé padha nerusna ngoyak
mungsuh, serangen saka mburi; aja

nganti bisa bali mlebu ing kuthané! Gusti
Allah wis ngulungaké mungsuh kuwi
marang kowé."
20 Wong-wong Amori sing keplayu mau
akèh sing dipatèni déning Yosua lan
wong-wong Israèl, nanging salong ana
sing bisa bali menyang kutha-kuthané,
nganti ora ngalami mati.
21 Tentarané Yosua bali kabèh kanthi
slamet ing pakémahan ing Makéda.
Wong satanah kono kabèh siji waé ora
ana sing wani ngrasani ala marang wong
Israèl.
22 Yosua banjur préntah, "Watu-watu
sing nutupi cangkemé guwa mau saiki
singkirna lan raja lima kuwi gawanen
mréné."
23 Guwané banjur dibukak. Raja lima,
yakuwi raja Yérusalèm, raja Hébron, raja
Yarmut, raja Lakis lan raja Églon banjur
diirid metu,
24 digawa ngadhep marang Yosua.
Yosua akon wong Israèl kabèh padha
nglumpuk, banjur préntah, supaya para
perwira sing mèlu perang karo dhèwèké,
padha ngidaka cengelé raja-raja mau.
Para perwira mau iya banjur nindakaké
apa sing dipréntahaké.

25 Sawisé mengkono, Yosua banjur
kandha karo para perwira mau, "Aja wedi
lan aja geter atimu. Sing tatag lan sing
kendel, sebab mungsuh-mungsuhmu
kabèh bakal dipatrapi kaya mengkono
déning Allah."
26 Raja-raja mau banjur dipatèni déning
Yosua, nuli digantung ing wit, saben
raja siji ana ing wit siji. Jisimé ditinggal
gumantung nganti wayah soré.
27 Bareng wis surup, Yosua préntah,
supaya jisim-jisim mau diudhunaké lan
dibuwang kabèh ing njero guwa, sing
mauné dienggo ndhelik para raja mau.
Guwané banjur ditutup nganggo watu
gedhé-gedhé. Watu-watu kuwi isih ana
tekan sepréné.
28 Bareng sedina iku uga Yosua ngrebut
kutha Makéda lan nelukaké rajané. Wong
saisiné kutha mau dipatèni kabèh, siji
waé ora ana sing diuripi. Yosua matrapi[f]
raja Makéda ora béda karo enggoné
matrapi raja ing Yérikho.
29 Sawisé mengkono Yosua lan
tentarané maju terus saka Makéda
menyang Libna lan ngrebut kutha Libna.

---

[f]matrapi: memperlakukan (bhs. Ind.).

30 Gusti Allah uga ngulungaké kutha
mau lan rajané marang tangané wong
Israèl. Wong siji waé ora ana sing urip;
wong saisiné kutha dipatèni kabèh.
Tumindaké wong Israèl marang raja
Libna kaya enggoné tumindak marang
raja Yérikho.
31 Saka Libna Yosua lan tentarané maju
terus nglurug menyang kutha Lakis,
kutha mau dikepung banjur diserbu.
32 Gusti Allah ngulungaké kutha Lakis
ing tangané wong Israèl ing dina kang
kapindho. Apa sing kedadéan ing Libna
uga dialami déning kutha Lakis; wong siji
waé ora ana sing diuripi; kabèh dipatèni.
33 Horam, raja ing Gèzèr teka, arep
mbiyantu Lakis, nanging raja mau
satentarané ditelukaké déning Yosua;
wongé siji waé ora ana sing urip, kabèh
dipatèni.
34 Sawisé mengkono Yosua lan
tentarané maju terus, saka Lakis nglurug
menyang Églon. Églon dikepung banjur
diserang.
35 Bareng sedina kuwi uga Églon direbut
lan wongé dipatèni kabèh, kaya sing
dialami déning Lakis.

36 Saka Églon Yosua lan tentarané
munggah ing pegunungan, nglurug ing
kutha Hébron; kutha mau diserang,
37 banjur direbut. Raja lan saben wong
sing manggon ing kutha kono lan ing
kutha-kutha sakiwa-tengené kabèh
dipatèni. Kutha mau digempur déning
Yosua carané kaya enggoné nggempur
Églon. Ora ana wong siji waé ing kutha
kono sing diuripi.
38 Sawisé mengkono Yosua lan
tentarané banjur nglurug menyang
Debir.
39 Kutha mau lan kutha-kutha sakiwa-
tengené kabèh direbut déning Yosua.
Wongé dipatèni kabèh, caranė ora béda
karo enggoné tumindak marang Hébron
lan Libna sarta rajané.
40 Daérah semono mau kabèh
ditelukaké déning Yosua. Yosua nelukaké
raja-raja sing ana ing pegunungan,
sing ana ing pèrèng-pèrèngé gunung
sing sisih Wétan, sing ana ing sikil
gunung sisih Kulon lan uga sing ana
ing pesamunan ing sisih Kidul. Wong
siji waé ora ana sing diuripi, kabèh
padha dipatèni. Mengkono mau dhawuhé
Pangéran, Allahé Israèl.

41 Peprangan sing dipimpin déning
Yosua kuwi mrèmèn saka Kadès Barnéa
ing sisih Kidul tekan Gaza sacedhaké
pesisir, klebu ing kono daérah Gosèn,
terus mengalor tekan Gibéon.
42 Raja-raja lan wewengkoné cukup
diserang sepisan déning Yosua, merga
Pangéran, Allahé Israèl sing nindakaké
peprangan mau.
43 Sawisé mengkono Yosua lan
tentarané banjur padha bali menyang
palèrènané ing Gilgal.

11 1 Kabar bab bangsa Israèl olèhé
neluk-nelukaké wis keprungu
déning Yabin, raja ing Hazor. Mulané
banjur utusan wong ngandhani Yobab
raja ing kutha Madon, mengkono uga
raja-raja ing kutha Simron lan Akhsaf,
2 sarta raja-raja sing ana ing kutha-
kutha pegunungan sisih Lor, apa
déné sing ana ing aréné Kali Yardèn,
sakidulé tanah Galiléa, daérah ing
sikilé pegunungan lan daérah pesisir
sacedhaké kutha Dhor.
3 Raja Yabin uga utusan marang
bangsa-bangsa Kenaan sing ana ing
sisih Kulon lan sisih wétané Kali Yardèn,
yakuwi bangsa-bangsa Amori, Hèt,

Fèris lan Yébus sing manggon ing
pegunungan, sarta bangsa Hèwi sing
manggon ing sikilé Gunung Hèrmon, ing
daérah Mizpa.
4 Raja-raja mau padha teka kabèh
nggawa tentarané dhéwé-dhéwé, ora ana
sing kèri, cacahé akèh banget, presasat
wedhi ing gisiké segara; semono uga
cacahé jaran lan kréta-perangé.
5 Prejurit-prejurit mau teka bebarengan
lan diklumpukaké dadi siji, sarta
ngedegaké markas ana ing sacedhaké
Tlaga Mérom. Saka kono arep padha
nyerang marang bangsa Israèl.
6 Pangéran ngandika marang Yosua,
"Aja wedi karo wong-wong kuwi. Sésuk
wayah mengkéné, wong-wong mau
kabèh bakal Daktumpes ana ing ngarepé
Israèl. Jaran-jarané kudu koklumpuhaké
dhisik, sawisé mengkono kréta-krétané
perang kudu kokobong."
7 Yosua satentarané dadakan nempuh
mungsuh-mungsuhé ana ing sacedhaké
Tlaga Mérom.
8 Pangéran ngulungaké mungsuh-
mungsuh mau ing tangané bangsa
Israèl. Wong Israèl padha nyerang lan
ngoyak mungsuh-mungsuhé mau nganti

tekan Misrefot Maim lan ngalor tekan
Sidon, sarta mengétan tekan aréné
Mizpa. Enggoné perang terus-terusan
nganti ora ana mungsuh siji waé sing
kari, kabèh dipatèni.
9 Tumrap para mungsuhé mau Yosua
nglakoni apa sadhawuhé Pangéran,
yakuwi gawé lumpuhé jaran-jaran sarta
ngobong sakèhé kréta-perangé.
10 Sawisé mengkono Yosua bali, ngrebut
Hazor, kutha sing kuwat dhéwé. Kutha
mau diobong, raja lan wong sing padha
manggon ing kono dipatèni kabèh, siji
waé ora ana sing kari.
11 (11:10)
12 Kutha-kutha liyané direbut kabèh
déning Yosua. Raja-rajané padha dicekel
lan dipatèni, kaya sing dipréntahaké
Musa, abdiné Allah.
13 Nanging kutha-kutha sing ana
pegunungan siji waé ora ana sing
diobong déning Israèl, kejaba Hazor sing
diobong déning Yosua dhéwé.
14 Penduduké kutha-kutha mau dipatèni
kabèh, siji waé ora ana sing kari.
Nanging barang-darbèké sing pengaji
lan raja-kayané dijarah-rayah déning
wong Israèl lan diepèk dhéwé.

15 Sakèhé dhawuhé Allah marang Musa,
abdiné, didhawuhaké marang Yosua, lan
Yosua nindakaké dhawuh mau, tapis ora
ana sing kliwatan.
16 Dadiné Yosua nelukaké tanah kono
kabèh, yakuwi daérah pegunungan,
daérah aré sing sisih Lor lan sisih Kidul;
wilayah Gosèn kabèh lan daérah ara-ara
samun sakidulé Gosèn, sarta aréné Kali
Yardèn.
17 Jembaré daérah mau wiwit saka
Gunung Buthak sakidulé Édom, mengalor
tekan Baal-Gad, ing Lebak Libanon,
sakidulé Gunung Hèrmon. Yosua olèhé
merangi raja-raja ing kono nganti suwé,
wekasané raja-raja mau kena dicekel
déning Yosua lan dipatèni kabèh.
18 (11:17)
19 Kutha-kutha ing satanah kono kabèh
ora ana sing gawé prejanjian dhamé
karo bangsa Israèl, kejaba Gibéon,
kuthané bangsa Hèwi. Kutha-kutha
liyané ditelukaké srana perang.
20 Pangéran piyambak sing gawé
kencenging atiné bangsa-bangsa mau
sarta nglurugi perang marang bangsa
Israèl; supaya srana patrap mengkono

padha dipatèni kabèh nganti tapis.
Mengkono dhawuhé Allah marang Musa.
21 Ing nalika semana Yosua uga nglurug
perang lan numpes bangsa Anakim,
yakuwi bangsa sing pawakané kaya buta,
sing manggon ing daérah pegunungan,
ing Hébron, Debir, Amab, lan ing
sawratané pegunungan Yéhuda lan
Israèl kabèh. Wong-wong mau dipatèni
kabèh déning Yosua lan kutha-kuthané
disirnakaké.
22 Bangsa Anakim mau ora ana siji waé
sing kari manggon ing daérah Israèl,
kejaba wong sawetara sing manggon ing
Gaza, Gat lan Asdod.
23 Tanah kono kabèh ditelukaké déning
Yosua kaya dhawuhé Allah marang
Musa. Tanah mau banjur diedum-edum
marang bangsa Israèl dadi tanah
pusakané. Saben taler nampa bagéané
dhéwé-dhéwé. Bangsa Israèl olèhé
perang banjur lèrèn, tanahé banjur dadi
tentrem.

12 1 Daérah sawétané Kali Yardèn,
saka Lebak Arnon munggah
menyang Lebak Yardèn mengalor
tekan Gunung Hèrmon, wis direbut lan

dienggoni déning wong Israèl. Raja sing
ditelukaké ana loro.
2 Sing siji jenengé Sihon, raja Amori,
manggon ing Hèsbon. Pangwasané raja
mau nganti tekan separoné daérah
Giléad, yakuwi saka Aroèr (pucuké Lebak
Arnon) lan saka tengahé lebak mau
tekan Kali Yabok, tapel watesé bangsa
Amon;
3 uga nyrambahi daérah sawétané
Kali Yardèn, saka Tlaga Galiléa tekan
Bèt-Yésimot (sawétané Segara Mati),
terus tekan Gunung Pisga.
4 Raja sijiné sing ditelukaké wong
Israèl yakuwi Og, Raja Basan, sing
manggon ing Astarot lan Édrèi. Og kuwi
salah sawijining wong kekarèné bangsa
Réfaim.
5 Pangwasané tekan Gunung Hèrmon,
Salkha, daérah Basan kabèh tekan
daérah Gésur lan Maaka; uga tekan
separoné daérah Giléad tekan daérah
pangwasané Sihon, raja sing manggon
ing Hèsbon.
6 Raja loro mau ditelukaké Musa lan
bangsa Israèl. Tanahé diwènèhaké
marang taler Rubèn, Gad lan separoné
taler Manasyè, dadi tanah pandumané.

[7] Raja-raja sing ditelukaké Yosua karo
bangsa Israèl yakuwi raja-raja sing ana
ing daérah sakuloné Kali Yardèn kabèh,
wiwit saka Baal-Gad, ing Lebak Libanon
terus mengidul tekan Gunung Buthak,
sacedhaké Édom. Yosua ngedum-edum
tanah mau, diwènèhaké taler-taler
Israèl, dadi tanah pusakané.
[8] Wilayah mau tekan daérah
pegunungan, sisih Kulon: daérah
pèrèng-pèrèng; sisih Wétan: Lebak
Yardèn lan pèrèng-pèrèngé gunungé;
sisih Kidul: ara-ara samun. Tanah kuwi
tilas panggonané bangsa-bangsa Hèt,
Kenaan, Fèris, Hèwi lan Yébus.
[9] Cacahé raja sing ditelukaké kabèh
ana telung puluh siji, yakuwi raja-raja
sing manggon ing kutha-kutha: Yérikho,
Ai (cedhak Bètèl), Yérusalèm, Hébron,
Yarmut, Lakis, Églon, Gèzèr, Debir,
Gèdèr, Horma, Arad, Libna, Adulam,
Makéda, Bètèl, Tapuah, Hèfèr, Afèk,
Lassaron, Madon, Hazor, Simron-Meron,
Akhsaf, Taanak, Megido, Kèdès, Yokneam
(ing Karmèl), Dhor (ing pesisir), Goyim
(ing Galiléa) lan Tirza.
[10] (12:9)
[11] (12:9)

12 (12:9)
13 (12:9)
14 (12:9)
15 (12:9)
16 (12:9)
17 (12:9)
18 (12:9)
19 (12:9)
20 (12:9)
21 (12:9)
22 (12:9)
23 (12:9)
24 (12:9)
13 1 Bareng Yosua wis tuwa banget,
banjur dingandikani déning Gusti
Allah mengkéné, "Yosua, kowé saiki wis
tuwa! Mangka isih akèh daérah sing
kudu ditelukaké, yakuwi:
2 wilayah Filistia kabèh lan Gésur,
3 wilayah Awi kabèh sapengidul.
(Daérah saka Kali Sihor, tapel watesé
tanah Mesir mengalor tekan watesé
Ékron; kabèh mau klebu daérahé
bangsa Kenaan; lan raja-raja Filistia sing
manggon ing Gaza, Asdod, Askelon, Gat
lan Ékron.)
4 Iya isih kudu ditelukaké: daérah
Kenaan kabèh lan Meara (tanahé wong

Sidon), tekan Afèk, tapel watesé daérahé
wong Amori;
5 banjur daérahé bangsa Gebal, lan
daérah Libanon kabèh mengétan, saka
Baal-Gad sakidulé Gunung Hèrmon,
terus tekan dalan sing menyang Hamat.
6 Klebu uga daérahé wong-wong Sidon
kabèh, sing manggon ing pegunungan
antarané gunung-gunung Libanon
lan kutha Mesrefot Maim." Saterusé
Gusti Allah ngandika marang Yosua
mengkéné, "Yèn mengko umat Israèl
nglurug perang, bangsa-bangsa kuwi
kabèh bakal Daklungakaké saka ing
kono. Tanah kuwi edum-edumna marang
umat Israèl dadia tanah pusakané, kaya
sing Dakdhawuhaké marang kowé.
7 Mulané tanah kuwi saiki wènèhna taler
Israèl sanga karo taleré Manasyè sing
separo, supaya dadi pandumané."
8 Taler Rubèn lan Gad sarta separoné
taler Manasyè wis padha tampa
panduman tanah saka Musa, abdiné
Allah; yakuwi tanah sawétané Kali
Yardèn.
9 Wilayah kuwi tekan Aroèr (ing pucuké
Lebak Arnon), lan kutha ing tengahé
lebak mau, klebu uga kabèh daérah

aréné pegunungan saka Médeba tekan
Dibon.
10 Sabanjuré tekan tapel watesé daérah
Amon; klebu ing kono kabèh kutha sing
biyèn dadi duwèké Sihon, raja Amori,
sing manggon ing Hèsbon.
11 Daérah Giléad, daérah sakiwa-
tengené Gésur lan Maaka, sarta Gunung
Hèrmon kabèh, apa déné daérah Basan
tekan Salkha kabèh; (daérah-daérah
mau kabèh klebu wilayahé taler Rubèn,
Gad lan separoné taler Manasyè).
12 Klebu uga daérah sing dikwasani Og,
rajané wong Réfaim sing kari dhéwé,
sing manggon ing Astarot lan Édrèi.
Bangsa-bangsa mau wis ditelukaké Musa
sarta dilungakaké saka daérah kono.
13 Nanging penduduk Gésur lan Maaka
ora padha ditundhung saka daérahé
déning wong Israèl; wong-wong mau
isih tetep manggon ing antarané wong
Israèl.
14 Taler Lèwi ora nampa panduman
tanah saka Musa; kaya dhawuhé Allah,
yèn pandumané wong Lèwi yakuwi saka
kurban sing diobong ana ing mesbèh
konjuk marang Allahé Israèl.

15 Daérah sing dijanjèkaké Pangéran
marang bangsa Israèl sapérangan
wis diwènèhaké déning Musa marang
trah-trahé taler Rubèn dadi tanah
pusakané.
16 Wilayahé tekan Aroèr (ing pucuké
Lebak Arnon) lan kutha-kutha ing
tengahé lebak mau, sarta arèné
pegunungan sakiwa-tengené Médeba;
17 klebu uga Hèsbon lan kabèh kutha
ing arèné pegunungan mau, yakuwi:
Dibon, Bamot-Baal, Bèt-Baal-Meon,
18 Yahas, Kedémot, Méfaat,
19 Miriataim, Sibma, Zèrèt-Hasahar,
sing dumunung ing gunungé lebak,
20 Bètpéor, pèrèng-pèrèngé Gunung
Pisga, lan Bèt-Yérimot,
21 klebu uga kutha-kutha sing ana ing
arèné pegunungan, lan daérah sing
dikwasani Sihon kabèh, yakuwi rajané
bangsa Amori, sing biyèn manggon ing
kutha Hèsbon. Sihon lan para penggedhé
ing Midian, yakuwi Èwi, Rèkèm, Zur lan
Réba, kabèh wis ditelukaké Musa. Para
penggedhé mau kabèh tau nindakaké
pepréntahan ana ing kono kanggo Raja
Sihon.

22 Ing antarané wong-wong sing
dipatèni bangsa Israèl klebu uga Biléam
anaké Béor, dhukun sing gawéné
ngramal.
23 Déné Kali Yardèn dadi tapel watesé
wilayahé taler Rubèn sing sisih Kulon.
Kutha-kutha lan désa-désa kuwi
pandumané para trahé taler Rubèn, dadi
tanah pusakané.
24 Tanah sing dijanjèkaké Pangéran
marang bangsa Israèl sapérangan
wis diwènèhaké déning Musa marang
trah-trahé taler Gad dadi tanah
pusakané.
25 Wilayahé tekan Yaézèr lan kabèh
kutha-kutha ing Giléad sarta separoné
bangsa Amon, tekan Aroèr sawétané
Raba;
26 daérah saka Hèsbon tekan Ramat-
Mizpa lan Bètonim, sarta daérah saka
Mahanaim tekan tapel watesé Lodebar,
kabèh mau klebu wilayahé taler Gad.
27 Ing lebaké Kali Yardèn, wilayahé
Gad kuwi tekan Bèt-Haram, Bèt-Nimra,
Sukot lan Zafon, yakuwi daérah sing tau
dikwasani Sihon, raja sing manggon ing
Hèsbon. Tapel wates wilayahé Gad sing

sisih Kulon, Kali Yardèn mengalor tekan
Tlaga Galiléa.
28 Yakuwi kutha-kutha lan désa-désa
pandumané trah-trahé taler Gad, sing
dadi tanah pusakané.
29 Tanah sing dijanjèkaké Pangéran
marang bangsa Israèl sapérangan
wis diwènèhaké déning Musa marang
separoné trah-trahé taler Manasyè dadi
pandumané.
30 Tapel wates wilayahé tekan
Mahanaim, klebu daérah Basan kabèh,
yakuwi tilas wengkoné Og, raja Basan
lan uga désa-désa Yair ing Basan sing
cacahé sewidak.
31 Klebu uga separoné daérah Giléad,
Astarot lan Édrèi, yakuwi kutha-kutha
krajan sing dikwasani Raja Og ing Basan.
Daérah mau kabèh diwènèhaké marang
separoné trah-trah turuné Makir, anaké
Manasyè.
32 Mengkono carané Musa ngedum
tanah sing ana ing sawétané kutha
Yérikho lan Kali Yardèn, nalika bangsa
Israèl isih padha ana ing aréné tanah
Moab.
33 Nanging taler Lèwi ora olèh
panduman lemah sethithik-thithika

saka Musa. Musa wis kandha karo taler
Lèwi yèn pandumané saka kurban sing
disaosaké marang Pangéran Allahé
Israèl.

14 1 Mengkéné pangedumé tanah
Kenaan sing ana ing sakuloné
Kali Yardèn marang umat Israèl. Sing
nindakaké Imam Èléazar lan Yosua bin
Nun, lan para tetuwané trah ing saben
taleré Israèl.
2 Kaya sing wis didhawuhaké Pangéran
marang Musa, daérah sakuloné Kali
Yardèn kuwi bagéané taler Israèl sanga
setengah. Pangedumé daérah-daérah
mau ditetepaké nganggo undhi.
3 Taler sing loro setengah wis padha
nampa panduman tanah sing ana ing
sawétané Kali Yardèn lantaran Musa.
(Cathetan: anak-anaké Yusuf dipérang
dadi taler loro, yakuwi taler Manasyè
lan taler Éfraim.) Taler Lèwi ora nampa
panduman tanah saka Musa. Mung
padha dipandumi kutha-kutha sing
dienggoni, karo pangonan kanggo
ngengon sapi lan wedhus-wedhusé.
4 (14:3)

5 Kaya mengkono pangedumé tanah
kanggo umat Israèl, kaya sing
didhawuhaké Pangéran marang Musa.
6 Ing sawijining dina ana wong
sawetara saka taler Yéhuda padha
nemoni Yosua ing Gilgal. Salah sijiné
yakuwi Kalèb, anaké Yéfuné, saka trah
Kénas. Kandhané Kalèb marang Yosua,
"Yosua! Kowé rak isih kèlingan apa sing
dingandikakaké Pangéran ing Kadès
marang Musa, utusané Allah, bab kowé
lan aku.
7 Nalika Musa, abdiné Allah, ngutus aku
saka Kadès Barnéa dikon dadi telik, nliti
kaananané negara iki, aku umur patang
puluh taun. Sabaliku aku nglapuraké apa
anané.
8 Nanging wong-wong sing padha diutus
bareng karo aku padha gawé lapuran
sing marakaké wong Israèl padha wedi.
Aku tetep setya marang Pangéran
Allahku.
9 Merga saka mengkono Musa janji
arep mènèhaké tanah sing dakdlajahi
kuwi marang aku lan anak-turunku dadi
bagéanku.
10 Sepréné wis patang puluh lima taun
lawasé Gusti Allah enggoné ngandika

bab kuwi marang Musa. Kelakoné mau nalika bangsa Israèl nglembara ana ing ara-ara samun. Lan saiki apa sing dijanjèkaké déning Gusti Allah mau kelakon. Panjenenganè ngreksa marang aku, nganti aku isih urip tekan sepréné. Delengen awakku iki! Umurku wis wolung puluh lima taun,
11 nanging isih rosa kaya dhèk aku diutus Musa. Aku isih saguh maju perang lan nglakoni apa waé.
12 Mulané saiki aku pandumana tanah pegunungan sing dijanjèkaké Gusti Allah marang aku, yakuwi nalika aku karo wong-wong sing padha diutus bareng karo aku, teka awèh lapuran. Nalika semono aku kandha karo kowé yèn ing kana ana bangsa sing pawakané kaya buta, sing diarani wong Anakim. Wong-wong mau padha manggon ing kutha-kutha gedhé, sing dikubengi bètèng. Muga-muga Gusti Allah mbiyantu aku, nganti aku bisa nglungakaké bangsa mau, kaya sing dingandikakaké."
13 Yosua nyarujuki penjaluké Kalèb anaké Yéfuné, lan mènèhaké kutha Hébron dadi pandumané.

[14] Sepréné dadi tanah pusakané Kalèb
anaké Yéfuné, wong Kénas, merga Kalèb
setya marang Pangéran, Allahé Israèl.
[15] Hébron kuwi biyèn jenengé Arba.
(Arba kuwi wong sing gedhé dhéwé ing
antarané bangsa Anakim.) Sawratané
tanah kono kabèh dadi tentrem, merga
wis ora perang menèh.

15 [1] Trah-trahé taler Yéhuda nampa
panduman tanah, sing wates-
watesé mengkéné: Ing sisih Kidul watesé
daérah Édom, dadi tekan daérah segara
wedhi Zin sing Kidul dhéwé,
[2] wiwit saka pucuké Segara Mati sing
sisih Kidul,
[3] terus urut pèrèngé Gunung Akrabim
tekan Zin. Banjur urut kidulé Kadès
Barnéa, ngliwati Hézron, munggah
menyang Adar, banjur ménggok
menyang Karka.
[4] Saka kono tapel wates mau terus
menyang Azmon, urut kali, tapel watesé
tanah Mesir tekan Segara Tengah.
Mengkono kuwi tapel watesé daérahé
taler Yéhuda, lan iya dadi tapel watesé
tanah Israèl sisih Kidul.
[5] Ing sisih Wétan, watesé daérahé
Yéhuda yakuwi Segara Mati mengalor

tekan muarané Kali Yardèn. Ing sisih Lor,
tapel watesé wiwit saka muarané Kali
Yardèn,
6 munggah menyang Bèt-Hogla, terus
tekan tapel watesé Lebak Yardèn. Saka
kono tapel wates sing sisih Lor mau
munggah mengalor tekan Batu Bohan
(Bohan kuwi jenengé anaké Rubèn),
7 banjur terus menyang Lebak Akhor
tekan ing Debir, banjur ménggok
ngalor menèh menyang Gilgal, tekan
panggonan sing adhep-adhepan karo
pèrèng-pèrèngé Gunung Adumim, sing
ana ing sakidulé lebak mau. Saka kono
isih terus menyang tuk Èn-Sèmès,
banjur menyang Èn-Rogèl,
8 Saka kono munggah metu Lebak
Ben-Hinom ing kidulé pegunungan,
dunungé kutha Yérusalèm, kuthané
wong Yébus. Saka kono tapel watesé
metu pucaké gunung, sakuloné Lebak
Ben-Hinom, pucak gunung loré Lebak
Réfaim,
9 terus menyang tuk Me Nèftoah, tekan
kutha-kutha sacedhaké Gunung Éfron.
Tapel wates mau ménggok menyang
Baala (yakuwi Kiryat-Yéarim),

10 lan ngubengi Baala sisih Kulon,
tekan ing pegunungan Édom, banjur
terus menyang Gunung Yéarim (yakuwi
Gunung Kesalon) sing sisih Lor, medhun
menèh menyang Bèt-Sèmès, banjur
terus menyang Timna.
11 Saka Timna tapel watesé tekan saloré
Ékron, banjur ménggok ngener menyang
Sikron, ngliwati Gunung Baala, terus
menyang Yabneèl, wusana notog Segara
Tengah.
12 Mengkono mau tapel wates wilayahé
taler Yéhuda sing sisih Kulon. Sing
manggon ing wilayah kono trah-trahé
taler Yéhuda.
13 Netepi dhawuhé Gusti Allah
marang Yosua, sapérangan saka tanah
pandumané Yéhuda diparingaké marang
Kalèb anaké Yéfuné, saka klompok
Yéhuda. Sing diparingaké yakuwi
Hébron, biyèn duwèké Arba, bapakné
Anakim.
14 Anak-turuné Anakim yakuwi wong
Sésai, Ahiman lan wong Talmai. Kalèb
banjur nglungakaké wong kabèh saka
Hébron.

15 Saka ing kono Kalèb nyerang wong-
wong sing padha manggon ing Debir.
(Kutha kuwi biyèn jenengé Kiryat-Sèfèr.)
16 Kalèb gawé pengumuman mengkéné:
"Wong lanang sing bisa nelukaké Kiryat-
Sèfèr bakal dakpèk mantu, dakolèhaké
anakku Akhsa."
17 Kelakon Otnièl, anaké seduluré Kalèb
sing jeneng Kénas, ngrebut kutha mau,
temah Kalèb banjur mènèhaké Akhsa,
anaké, dadi bojoné Otnièl.
18 Ing dina kawiné, Otnièl ngojok-ojoki
Akhsa supaya njaluk lemah marang
bapakné, lan bareng ditakoni bapakné,
"Kowé arep apa?"
19 Akhsa mangsuli, "Siti ingkang
panjenengan paringaken dhateng kula
menika daérah ingkang awis toya,
mila kula nyuwun dipun paringana ugi
ingkang wonten tukipun sawetawis."
Kalèb banjur mènèhi tuk sing ana ing
daérah ndhuwur lan ing daérah ngisor.
20 Iki tanah pandumané trah-trah ing
taler Yéhuda, dadi tanah pusakané:
21 Kutha-kutha sing dunungé ana ing
sisih Kidul dhéwé, duwèké Yéhuda,
dunungé ana ing tapel watesé tanah
Édom. Cacahé kabèh ana sanga likur,

yakuwi: Kabzeèl, Èdèr, Yagur, Kina,
Dimona, Adada, Kèdès, Hazor, Yitnan,
Zif, Tèlèm, Bealot, Hazor Hadata, Kériot-
Hésron (yakuwi Hazor), Amam, Séma,
Molada, Hazar Gada, Hèsmon, Bèt-Pèlèt,
Hazar-Sual, Bèrsyéba, Biziotia, Baala,
Iyim, Azèm, Èltolad, Kèsil, Horma,
Ziklag, Madmana, Sansanah, Lebaot,
Silhim, Ain lan Rimon.
22 (15:21)
23 (15:21)
24 (15:21)
25 (15:21)
26 (15:21)
27 (15:21)
28 (15:21)
29 (15:21)
30 (15:21)
31 (15:21)
32 (15:21)
33 Kutha-kutha lan désa-désa ing kiwa-
tengené, sing ana ing pèrèng-pèrèng
gunung, kabèh cacahé patbelas, yakuwi:
Èstaol, Zora, Asna, Zanoah, Èn-Ganim,
Tapuah, Énam, Yarmut, Adulam, Sokho,
Azéka, Saaraim, Aditaim, Gedéra lan
Gedérotaim.
34 (15:33)

35 (15:33)
36 (15:33)
37 Kutha-kutha liyané sing klebu
duwèké Yéhuda lan désa-désa ing
sakiwa-tengené ana patbelas, yakuwi:
Zenan, Hadasa, Migdal, Gad, Diléan,
Mizpa, Yokteèl, Lakis, Boskat, Églon,
Kabon, Kitlis, Gedérot, Bètdagon,
Naamah lan Makéda.
38 (15:37)
39 (15:37)
40 (15:37)
41 (15:37)
42 Ana kutha sanga sing uga klebu
ing daérah Yéhuda, lan désa-désa ing
kiwa-tengené, yakuwi: Libna, Ètèr, Asan,
Yiftah, Asna, Nézib, Kéhila, Aksib lan
Marésya.
43 (15:42)
44 (15:42)
45 Kejaba saka kuwi iya Ékron karo
désa-désané,
46 sarta kutha-kutha kabèh lan désa-
désa sakiwa-tengené sacedhaké Asdod,
saka Ékron tekan Segara Tengah.
47 Mengkono uga Asdod lan Gaza sarta
désa-désa sing sumebar tekan kali tapel

watesé tanah Mesir lan pesisiré Segara
Tengah.
48 Ing daérah pegunungané Yéhuda ana
kutha sewelas, klebu uga désa-désa
ing kiwa-tengené, yakuwi: Samir, Yatir,
Sokho, Dana, Kiryat-Sana (yakuwi
Debir), Anab, Èstemoa, Anim, Gosèn,
Holon lan Gilo.
49 (15:48)
50 (15:48)
51 (15:48)
52 Kutha sanga lan désa-désa sakiwa-
tengené ing ngisor iki uga klebu duwèké
Yéhuda: Arab, Dumah, Èsan, Yanum,
Bèttapuah, Afèka, Humta, Hébron lan
Zior.
53 (15:52)
54 (15:52)
55 Uga kutha sepuluh ing ngisor iki, lan
uga désa-désa ing kiwa-tengené, klebu
duwèké Yéhuda, yakuwi: Maon, Karmèl,
Zif, Yuta, Yésreèl, Yokdeam, Zanoah,
Kain, Gibéa lan Timna.
56 (15:55)
57 (15:55)
58 Kutha nem ing ngisor iki lan désa-
désa ing kiwa-tengené uga klebu duwèké

Yéhuda, yakuwi: Halhul, Bètzur, Gedor,
Maarat, Bèt-Anot lan Èltekon.
59 (15:58)
60 Kutha loro menèh, semono uga désa-
désa kiwa-tengené, kutha Kiryat-Baal
(yakuwi Kiryat-Yéarim) lan kutha Raba.
61 Ing daérah ara-ara samun, Yéhuda
duwé kutha nem lan désa-désa sakiwa-
tengené, yakuwi: Bèt-Araba, Midin,
Sekhakha, Nibsan, Kutha Uyah lan
Èn-Gedi.
62 (15:61)
63 Kutha Yérusalèm uga klebu kuthané
Yéhuda, nanging wong Yéhuda ora bisa
nglungakaké wong Yébus sing manggon
ana ing kono. Tekan saiki wong-wong
Yébus mau isih tetep manggon ana
ing kono, bebarengan karo wong-wong
Yéhuda.
16 1 Tapel watesé tanah pandumané
anak-turuné Yusuf kuwi wiwit
saka Kali Yardèn sacedhaké Yérikho,
sawétané tuk-tuk Yérikho tekan ara-ara
samun. Tapel wates mau saka Yérikho
munggah tekan Bètèl ing daérah
pegunungan.

2 Saka Bètèl tapel wates mau tekan Lus,
metu Atarot-Adar, panggonané wong
Arki.
3 Saka kono tapel watesé mengulon
menyang tanahé bangsa Yaflèt, nganti
tekan Bèt-Horon. Sapengisor, terus
menyang Gèzèr, banjur pantog ing
Segara Tengah.
4 Yakuwi daérah sing dipandumaké
marang taler Manasyè lan Éfraim,
anak-turuné Yusuf, dadi tanah pusakané.
5 Tapel watesé daérah sing diwènèhaké
marang trah-trahé taler Éfraim kuwi
mengkéné: Ing sisih Wétan tapel wates
mau wiwit saka Atarot-Adar tekan
Bèt-Horon-Ndhuwur,
6 banjur terus tekan Segara Tengah.
Mikmétat kuwi keprenah ing saloré. Ing
sisih Wétan tapel wates mau ménggok
menyang peneré Taanat Silo, banjur
yèn wis ngliwati kutha mau saka Wétan
tekan Yanoah.
7 Tapel wates mau banjur medhun tekan
Atarot lan Naharat, terus tekan Yérikho
lan mantog ing Kali Yardèn.
8 Tapel watesé Éfraim sing sisih Kulon
miwiti saka Tapuah nganti tekan Kali
Kana, banjur notog ing Segara Tengah.

Kuwi daérah sing dipandumaké marang
trah-trahé taler Éfraim, dadi tanah
pusakané,
9 klebu uga désa-désa sawetara sing
ana ing wilayahé Manasyè.
10 Nanging Éfraim ora nglungakaké
wong-wong Kenaan metu saka Gèzèr.
Yakuwi sebabé wong Kenaan sepréné
manggon bebarengan karo wong
Éfraim ana ing kono, lan didadèkaké
batur-tukoné wong Éfraim.

17 1 Daérah sakuloné Kali Yardèn ana
sapérangan sing dipandumaké
marang trah-trah anak-turuné Manasyè,
anaké Yusuf sing mbarep. Makir,
bapakné Giléad, kuwi pembarepé
Manasyè. Sarèhné Makir mau pahlawan,
mulané daérah Giléad lan Basan sing
dunungé ing sawétané Kali Yardèn,
diwènèhaké marang dhèwèké.
2 Daérah sakuloné Kali Yardèn
diwènèhaké marang trah-trah anak-
turuné Manasyè liyané, yakuwi trah
Abièzèr, Hèlèk, Asrièl, Sèkèm, Hèfèr lan
Semida; kuwi kabèh wong lanang-lanang
tetuwané trah turuné Manasyè, anaké
Yusuf.

3 Hèfèr kuwi anaké Giléad, lan Giléad
anaké Makir, déné Makir anaké Manasyè.
Anaké Hèfèr jenengé Zélaféhad ora
duwé anak lanang, anaké wadon kabèh,
yakuwi: Mahla, Noa, Hogla, Milka lan
Tirza.
4 Anak-anaké Zélaféhad mau padha
nemoni Imam Èléazar lan Yosua bin Nun
sarta para pinituwa, aturé, "Gusti Allah
sampun ngandika dhateng Musa, bilih
kula inggih kedah nampi panduman siti
kados sedhèrèk-sedhèrèk kula jaler."
Mulané anak-anaké wadon Zélaféhad
iya diparingi panduman lemah, padha
kaya sedulur-seduluré lanang, kaya sing
didhawuhaké déning Allah.
5 Mulané ora mung turuné Manasyè sing
lanang waé sing olèh panduman lemah,
nanging turuné wadon iya olèh. Kuwi
sebabé Manasyè uga olèh panduman
Giléad lan Basan sing ana ing sawétané
Kali Yardèn. Anak-turuné Manasyè liyané
nampa panduman daérah Giléad.
6 (17:5)
7 Tapel watesé daérahé Manasyè wiwit
saka Asyèr tekan Mikmétat ing sawétané
Sikèm. Saka kono tapel wates mau

medhun mengidul tekan daérahé bangsa
Èn-Tapuah.
8 Daérah Tapuah kuwi mèlu Manasyè,
nanging kutha Tapuah sing ana ing tapel
wates, mèlu Éfraim.
9 Saterusé tapel watesé daérahé
Manasyè mau medhun tekan Kali Kana.
Kutha-kutha sing ana ing sakidulé kali
kuwi mèlu Éfraim, senajan dunungé
ana ing daérahé Manasyè. Tapel watesé
daérahé Manasyè mau saterusé metu
saurute kali sing sisih Lor, nganti tekan
ing Segara Tengah.
10 Dadiné Éfraim kuwi daérahé ana ing
sisih Kidul lan Manasyè ing sisih Lor;
déné Segara Tengah dadi watesé sing
sisih Kulon. Ing sisih Lor-kulon, daérahé
Manasyè gathuk karo daérahé taler
Asyèr, lan ing sisih Lor-wétan gathuk
karo daérahé Isakar.
11 Ing wilayahé Isakar lan Asyèr kuwi
ana palemahané Manasyè, yakuwi Bèt-
Séan karo désa-désa sakiwa-tengené.
Uga Dhor (kutha sing dunungé ing
sapinggiring segara), Èndor, Taanak,
Megido lan désa-désa ing kiwa-tengené.
12 Nanging wong Manasyè ora bisa
nglungakaké wong Kenaan saka kutha-

kutha kono. Kuwi sebabé wong-wong
Kenaan isih tetep manggon ing kono.
13 Malah mbésuké senajan wong Israèl
wis mundhak kekuwatané, dhèwèké
meksa ora gelem nglungakaké wong
Kenaan mau, nanging padha didadèkaké
batur-tukoné.
14 Anak-turuné Yusuf padha kandha
karo Yosua mengkéné, "Kénging
menapa panduman kula siti namung
sekedhik, mangka tiyang kula awit
saking berkahipun Gusti Allah, cacahipun
kathah sanget?"
15 Wangsulané Yosua, "Yèn wongmu
akèh, nganti pegunungan Éfraim kuwi
keciuten kanggo kowé, lungaa menyang
daérah-daérah sing dienggoni wong Fèris
lan wong Réfaim. Padha mbukaka alas-
alasé wong-wong mau, lan ngedegna
kutha-kutha anyar ing kana."
16 Anak-turuné Yusuf mau mangsuli,
"Daérah paredèn menika mboten cekap
kanggé kula sedaya, mangka bangsa
Kenaan ingkang sami manggèn ing
aré ngandhap sami gadhah kréta
perang saking tosan, inggih ingkang
sami manggèn ing Bèt-Séan utawi ing
dhusun-dhusun sakiwa-tengenipun,

mekaten ugi ingkang sami manggèn ing
Lebak Yésreèl."
17 Wangsulané Yosua marang taler-taler
Éfraim lan Manasyè Kulon kali mengkéné,
"Kuwi bener, cacahmu pancèn akèh,
lan kekuwatanmu uga gedhé. Pancèn
pandumanmu kuduné luwih saka siji.
18 Mulané ngenggonana daérah
pegunungan, sebab senajan daérah
kuwi isih wujud alas, rak bisa kokbukak
lan kokdadèkaké tanah pusakamu.
Lan bab wong Kenaan, kowé rak bisa
nglungakaké wong-wong mau saka
kono, senajan dhèwèké kuwat lan duwé
kréta perang saka wesi."

18 1 Sawisé bangsa Israèl nelukaké
tanah sing dijanjèkaké Allah,
banjur padha nglumpuk ing kutha Silo,
lan masang Kémah Palenggahané Allah.
2 Taler-taleré Israèl sing durung nampa
panduman tanah ana pitu.
3 Mulané Yosua banjur kandha karo
umat Israèl mengkéné, "Mbésuk kapan
enggonmu arep ngenggoni daérah
sing diparingaké marang kowé déning
Pangéran, Allahé leluhurmu?
4 Miliha saka saben taler wong telu.
Mengko dakkoné lunga ndlajahi tanah

kéné kabèh lan ngukur tapel watesé
daérah sing arep dienggoni. Sawisé
mengkono mréné menèh ketemu karo
aku.
5 Tanah mau arep diedum-edum dadi
pitung daérah. Yéhuda bakal tetep
ngenggoni wilayah sisih Kidul, lan Yusuf
wilayah sisih Lor.
6 Tapel watesé daérah sing pitu kuwi
catheten, banjur wènèhna marang
aku. Mengko bakal dakundhi endi sing
dikersakaké Allah kanggo taler siji-sijiné.
7 Mung taler Lèwi bakal ora nampa
panduman lemah, merga pandumané
yaiku enggoné kepareng dadi imam-
imamé Allah. Lan bab taler Gad, Rubèn
lan Manasyè Wétan kali wis padha
nampa pandumané ing sawétané Kali
Yardèn. Kuwi wis ditampakaké déning
Musa, abdiné Allah, marang taler-taler
mau."
8 Yosua awèh pituduh-pituduh
mengkéné, "Tanah iki kabèh dlajahana
lan ukuren, banjur balia mréné. Mengko
dakundhiné ing Silo kéné, endi daérah
sing dikersakaké déning Allah kanggo
taler siji-sijiné." Sawisé dikandhani

Yosua, wong-wong mau banjur padha
mangkat ngukur tanahé kabèh.
9 Tanah mau didlajahi lan tapel watesé
daérah siji-sijiné dicathet, semono
uga kutha-kutha sing ana ing daérah
siji-sijiné didaftar. Sawisé rampung
banjur padha bali nemoni Yosua ing Silo.
10 Yosua banjur nibakaké undhi supaya
ngerti daérah endi sing dikersakaké
déning Pangéran kanggo taler siji-
sijiné. Sawisé mengkono Yosua banjur
mènèhaké marang saben taler Israèl
sing durung nampa bagéan tanah, dadi
pandumané dhéwé-dhéwé.
11 Tanah sing diedum dhisik dhéwé
yakuwi sing kanggo trah-trahé taler
Bènyamin. Dunungé tanah mau ing
antarané daérahé Yéhuda lan tanahé
taler Yusuf.
12 Sing sisih Lor tapel watesé wiwit saka
Kali Yardèn, banjur munggah ing pèrèng
saloré Yérikho, banjur mengulon ngliwati
daérah pegunungan tekan ing ara-ara
samun Bèt-Awèn.
13 Tapel wates mau terus urut pèrèng
sakidulé Lus (sing biyèn karan Bètèl),
banjur medhun tekan Atarot-Adar, ing
gunung sakidulé Bèt-Horon-Ngisor.

14 Saka sakuloné gunung mau tapel watesé tanah mau banjur ménggok ngidul tekan Kiryat-Baal (yakuwi Kiryat-Yéarim). Kiryat-Baal mau klebu daérahé taler Yéhuda. Kuwi tapel wates sing sisih Kulon.
15 Déné tapel wates sing sisih Kidul, wiwit saka Kiryat-Yéarim terus tekan tuk-tuk Nèftoah.
16 Tapel wates mau nuli medhun urut sikilé gunung sing adhep-adhepan karo Lebak Hinom, ing pucuké Lebak Réfaim sing sisih Lor, banjur mengidul urut Lebak Hinom, sakidulé pèrèng-pèrèngé gunung ing tanah Yébus, tekan Èn-Rogèl.
17 Tapel wates mau banjur ménggok ngalor menyang Gelilot, peneré unggah-unggahan Adumim. Sawisé mengkono medhun menyang watu Bohan (Bohan kuwi jenengé anaké Rubèn),
18 nuli urut saloré pèrèng-pèrèng gunung sing adu-arep karo Lebak Yardèn. Tapel wates mau banjur medhun menèh menyang lebak,
19 urut saloré pèrèng-pèrèng gunung Bèt-Hogla, notog tekan Segara Mati sing sisih Lor, ing muarané Kali Yardèn.

20 Tapel wates sing sisih Wétan yakuwi
Kali Yardèn. Mengkono mau tapel watesé
tanah pandumané para trahé taler
Bènyamin, sing dadi tanah pusakané.
21 Déné kutha-kutha sing klebu
duwèké taler Bènyamin yakuwi Yérikho,
Bèt-Hogla, Èmèk-Kezis,
22 Bèt-Araba, Zemaraim, Bètèl,
23 Haawim, Para, Ofra,
24 Kéfar-Amonai, Ofni lan Géba.
Kabèh ana rolas karo désa-désa ing
kiwa-tengené.
25 Klebu uga: Gibéon, Rama, Beérot,
26 Mizpa, Kéfira, Moza,
27 Rèkèm, Yirpeèl, Tarala,
28 Zéla, Èlèf, Yébus (yakuwi Yérusalèm),
Gibéa lan Kiryat-Yéarim. Kabèh ana
patbelas karo désa-désa ing kiwa-
tengené. Kuwi tanah-tanah sing
dipandumaké marang trah-trahé taler
Bènyamin.

19 1 Pangedumé tanah sing ping
pindho, kanggo taler Siméon.
Tanah mau mlebu nganti tekan tanahé
Yéhuda.
2 Kutha-kutha sing ana ing tanahé
Siméon yakuwi: Bèrsyéba, Séba, Molada,
3 Hazar-Sual, Bala, Ésèm,

4 Èltolad, Betul, Horma,
5 Ziklag, Bèt-Hamarkabot, Hazar-Susa,
6 Bèt-Lebaot lan Saruhèn. Kabèh ana
patbelas karo désa-désané.
7 Klebu uga kutha-kutha: Ain, Rimon,
Ètèr, lan Asan; kutha papat kuwi karo
désa-désané,
8 iya kabèh désané kutha-kutha mau
bablas tekan Baalat-Beèr (yakuwi Rama)
ing sisih Kidul. Kuwi tanah pandumané
marang klompok Siméon, dadi tanah
pusakané.
9 Tanahé Yéhuda kakèhen, mulané
sapérangan banjur diwènèhaké marang
Siméon.
10 Pangedumé tanah sing ping telu
kanggo para trahé taler Zébulon. Tapel
watesé tanah mau tekan Sarid.
11 Saka Sarid tapel watesé sing sisih
Kulon tekan Marala, banjur nggepok
Dabèsèt lan kali sawétané Yoknéam.
12 Tapel watesé sing sisih Wétan
wiwit saka Sarid tekan tapel watesé
Kislot-Tabor, terus menyang Dobrat,
banjur munggah menyang Yafia.
13 Saka kono tapel wates mau terus
mengétan menyang Gat-Hèfèr lan

Ètkazin, ménggok tekan Néa, banjur
menyang Rimon.
14 Ing sisih Lor tapel wates tanah mau
ménggok tekan Hanaton, lan notog ing
Lebak Yifta-Èl.
15 Kutha-kutha sing klebu ing tapel
wates mau yakuwi Katat, Nahalal,
Simron, Yidala lan Bètléhèm. Klebu uga
ing daérah mau kutha-kutha rolas lan
désa-désané.
16 Kuwi kabèh kutha-kutha lan désa-
désa sing klebu ing daérah pandumané
trah-trahé Zébulon.
17 Pangedumé tanah sing ping pat
kanggo trah-trahé taler Isakar.
18 Klebu ing daérah mau: Yésreèl,
Kesulot, Sunèm,
19 Héfaraim, Sion, Anarahat,
20 Rabit, Kisyon, Èbès,
21 Rèmèt, Èn-Ganim, Èn-Hada, lan
Bèt-Pazès.
22 Tapel watesé tanah mau gathuk karo
Tabor, Sahazima, Bèt-Sèmès, banjur
notog Kali Yardèn. Klebu ing daérah mau
kutha nembelas karo désa-désané.
23 Yakuwi kutha-kutha lan désa-désa
sing dadi pandumané trah-trahé taler
Isakar, dadi tanah pusakané.

24 Pangedumé tanah sing ping lima
kanggo trah-trahé taler Asyèr.
25 Klebu ing daérah mau kutha-kutha:
Hèlkat, Hali, Tèbè, Akhsaf,
26 Alamèlèk, Amad, lan Misal. Tapel
watesé tanah mau sing sisih Kulon
tempuk karo Karmèl lan Sikor Libmat.
27 Saka kono ménggok ngétan menyang
Bètdagon, banjur gathuk karo tapel
watesé Zébulon lan Lebak Yifta-Èl,
ngalor tekan Bèt-Èmèk lan Néhièl. Terus
ngalor tekan Kabul,
28 Ébron, Réhob, Hamon lan Kana,
tekan Sidon.
29 Saka kono tapel wates mau ménggok
menyang Rama, terus tekan kutha Sur,
kutha sing diubengi bètèng. Tapel wates
mau banjur ménggok menèh menyang
Hosa lan notog Segara Tengah. Klebu
ing daérahé Asyèr mau kutha-kutha
Mahalab, Aksib,
30 Uma, Afèk, lan Réhob. Sadaérah kono
ana kuthané rolikur, karo désa-désané.
31 Kuwi kabèh kutha-kutha lan désa-
désa sing klebu ing daérah pandumané
para trahé taler Asyèr, dadi tanah
pusakané.

32 Pangedumé tanah sing ping nem
kanggo trah-trahé taler Naftali.
33 Tapel watesé wiwit saka Èlèf tekan
wit-witan sing ana ing Zaananim, terus
tekan Adami-Nèkèb, banjur menyang
Yabneèl nganti tekan Lakum, lan notog
Kali Yardèn.
34 Saka kono tapel wates mau ménggok
ngulon tekan Aznot Tabor, lan saka
kono menyang Hukok. Ing sisih Kidul
daérah kuwi nunggal wates karo daérah
Zébulon, ing sisih Kulon nunggal wates
karo Asyèr, lan ing sisih Wétan watesé
Kali Yardèn.
35 Kutha-kutha sing nganggo bètèng
yakuwi Zidim, Zèr, Hamat, Rakat,
Kinèrèt,
36 Adama, Rama, Hazor,
37 Kèdès, Édrèi, Èn-Hazer,
38 Yiron, Migdalèl, Horèm, Bèt-Anat,
lan Bèt-Sèmès. Dadiné klebu ing daérah
mau kutha sangalas karo désa-désané.
39 Kuwi kabèh kutha-kutha lan désa-
désa sing klebu ing daérah pandumané
trah-trahé taler Naftali, dadi tanah
pusakané.
40 Pangedumé tanah sing kapitu kanggo
trah-trahé taler Dhan.

41 Klebu ing daérah mau kutha-kutha:
Zora, Èstaol, Irsèmès,
42 Saalabin, Ayalon, Yitla,
43 Élon, Timna, Ékron,
44 Èlteké, Gibeton, Baalat,
45 Yehud, Benéberak, Gat-Rimon,
46 Méyarkon, Rakon, uga daérah
sakiwa-tengené Yopé.
47 Wong-wong taler Dhan ora bisa
manggon ing daérahé, jalaran isih
dienggoni penduduk kono, mulané
banjur nglurug nyerang kutha Lèsèm.
Kutha mau direbut, pendudukè dipatèni
kabèh, nuli padha manggon ing kono.
Jenengé kutha Lèsèm diganti Dhan, kaya
jenengé leluhuré.
48 Kuwi kabèh kutha-kutha lan désa-
désa sing klebu ing daérahé trah-trahé
taler Dhan, dadi tanah pusakané.
49 Sawisé umat Israèl olèhé ngedum
tanah kono wis rampung kabèh, nuli
awèh lemah marang Yosua bin Nun, dadi
tanah pusakané.
50 Kaya pangandikané Allah, tanah sing
diwènèhaké marang Yosua mau manut
ing sapenjaluké, yakuwi Timnat-Sérah,
ing pegunungan Éfraim. Sawisé kutha

mau dibangun menèh, Yosua banjur
manggon ing kono.
51 Kaya mengkono tanah Kenaan
wis kelakon diedum kabèh déning
Imam Èléazar, Yosua bin Nun lan para
penggedhéné trah ing taler-taleré
bangsa Israèl. Pangedumé srana diundhi
supaya cocog karo pitedahé Allah.
Kelakoné kuwi mau ana ing Silo, ing
gapuranė Kémah Palenggahané Allah.
Srana mengkono pangedumé tanah wis
rampung.

20 1 Gusti Allah banjur dhawuh
marang Yosua,
2 supaya kandha karo umat Israèl,
kaya sing didhawuhaké marang Musa
mengkéné, "Kowé padha miliha
kutha-kutha pangungsèn.
3 Wong sing njalari patiné pepadhané
tanpa dijarag, bisaa ngungsi ing kutha
kono, supaya uwal saka wong-wong sing
arep nindakaké pemales.
4 Wong mau kena mlebu ing salah
sawijining kutha pangungsèn mau,
lan ngadhep marang pengadilan ing
gapuraning kutha kono, sarta nerangaké
kedadéan sing mentas dialami. Para
penggedhéné kutha kono bakal ngidini

wong mau mlebu ing kutha, lan manggon
ing kono.
5 Yèn wong sing arep males mau ngoyak
mrono, penduduk ing kutha kono ora
kena masrahaké wong sing ngungsi mau
marang sing ngoyak. Wong mau kudu
diayomi, merga enggoné nyebabaké
patiné pepadhané mau ora dijarag, dadi
ora merga sengit karo wong sing mati.
6 Sing matèni mau kena manggon ing
kutha kono nganti prekarané diadili ana
ing ngarepé wong akèh. Wongé kena
manggon terus ing kutha kono nganti
satilaré wong sing nalika semono dadi
Imam Agung. Sawisé mengkono wongé
kena mulih ing papan panggonané
dhéwé."
7 Umat Israèl banjur netepaké kutha-
kutha ing sakuloné Kali Yardèn dadi
kutha-kutha pangungsèn, yakuwi: kutha
Kèdès ing pegunungan Galiléa wilayahé
taler Naftali; Sikèm ing pegunungan
Éfraim; Hébron ing pegunungan wilayahé
taler Yéhuda.
8 Kanggo wilayah sawétané Kali
Yardèn, ing aréné ara-ara samun
sawétané Yérikho, sing ditetepaké dadi
kutha-kutha pangungsèn yakuwi: Bèzèr

kanggo wilayahé Rubèn; kutha Ramot
ing Giléad, ing wilayahé taler Gad, lan
kutha Basan ing wilayahé Manasyè.
9 Kuwi kabèh kutha-kutha sing
ditetepaké dadi kutha pangungsèn
kanggo umat Israèl kabèh lan kanggo
saben wong manca sing manggon ing
satengahé umat Israèl mau. Saben
wong sing ora njarag nyebabaké patiné
pepadhané kena golèk pengayoman
ing kutha-kutha mau, supaya uwal
saka wong sing arep males matèni.
Sadurungé diadili ing ngarepé wong
akèh, wongé ora kena dipatèni.

21 1 Ing sawijining dina para
penggedhéné trah-trahé taler
Lèwi padha ngadhep marang Imam
Èléazar, Yosua bin Nun lan para
penggedhéné trah-trahé taler-taleré
Israèl kabèh. Tembungé, "Lantaran
Musa, Gusti Allah sampun dhawuh,
supados kula, tiyang-tiyang Lèwi, dipun
paringi kitha-kitha ingkang kula enggèni
lan siti pangènan ing sakiwa-tengenipun
kitha kanggé ngengèn raja-kaya."
2 (21:1)
3 Wong-wong Israèl nuli nisihaké
lemah saka tanah pusakané, yakuwi

kutha-kutha lan tanah pangonan,
diwènèhaké marang wong-wong Lèwi,
kaya sing didhawuhaké déning Allah.
4 Trahé Kéhat nampa pandumané dhisik
dhéwé. Kulawarga-kulawarga turuné
Imam Harun nampa kutha telulas saka
taler Yéhuda, Siméon lan Bènyamin.
5 Kulawarga-kulawargané Kéhat liyané
nampa panduman kutha sepuluh saka
taler Éfraim, taler Dhan lan taler
Manasyè Kulon kali.
6 Trahé Gèrson nampa kutha telulas
saka taler Isakar, taler Naftali lan taler
Asyèr, taler Manasyè Wétan kali.
7 Trah Mérari nampa kutha rolas saka
taler Rubèn, taler Gad lan taler Zébulon.
8 Kuwi kabèh kutha-kutha lan tanah
pangonan sing diedum srana undhi
saka pandumané umat Israèl marang
wong-wong Lèwi, kaya sing didhawuhaké
déning Allah lantaran Musa.
9 Trah Kéhat, yakuwi imam-imam
tedhak-turuné Harun, olèhé nampa
kutha-kuthané dhisik dhéwé; kabèh ana
kutha telulas karo pangonané, yakuwi
saka Yéhuda lan Siméon kutha sanga:
Libna, Yatir, Èstemoa, Holon, Debir, Ain,
Yuta, Bèt-Sèmès lan Arba. Arba kuwi

jenengé bapakné Anakin. Kutha mau
saiki jenengé Hébron, lan dadi kutha
pangungsèn ing pegunungan Yéhuda.
Pategalan lan désa-désané kutha kuwi
wis diwènèhaké marang Kalèb bin Yéfuné
dadi tanah pusakané. Saka Bènyamin
wong-wong Lèwi nampa panduman
kutha papat, yakuwi: Gibéon, Géba,
Anatot lan Almon.
10 (21:9)
11 (21:9)
12 (21:9)
13 (21:9)
14 (21:9)
15 (21:9)
16 (21:9)
17 (21:9)
18 (21:9)
19 (21:9)
20 Para kulawarga trah Kéhat nampa
kutha sepuluh karo pangonané. Saka
taler Éfraim wong-wong Lèwi nampa
kutha papat, yakuwi: Bèt-Horon,
Kibzaim, Gèzèr, lan Sikèm. Sikèm kuwi
kutha pangungsèn ing pegunungan
Éfraim. Saka taler Dhan wong-wong Lèwi
nampa kutha papat, yakuwi: Èlteké,
Gibeton, Ayalon, lan Gat-Rimon. Saka

taler Manasyè sisih Kulon nampa kutha
loro, yakuwi Taanak lan Gat-Rimon.
21 (21:20)
22 (21:20)
23 (21:20)
24 (21:20)
25 (21:20)
26 (21:20)
27 Trah saka taler Lèwi liyané, yakuwi
trah Gèrson, nampa kutha telulas karo
pangonané. Saka taler Manasyè sisih
Wétan trah Gèrson nampa kutha loro,
yakuwi Beèstérah lan Golan. Golan mau
klebu wilayahé kutha pangungsèn ing
Basan. Saka taler Isakar wong-wong
Lèwi nampa kutha papat, yakuwi kutha
Kisyon, Dobrat, Yarmut lan Èn-Ganim.
Saka taler Asyèr nampa kutha papat,
yakuwi: Misal, Abdon, Hèlkat lan Réhob.
Saka taler Naftali nampa kutha telu,
yakuwi Hamatdor, Kartan, lan Kèdès.
Kèdès kuwi kutha pangungsèn, ing tanah
Galiléa.
28 (21:27)
29 (21:27)
30 (21:27)
31 (21:27)
32 (21:27)

33 (21:27)
34 Wong-wong Lèwi liyané, yakuwi trah
Mérari, nampa kutha rolas sapangonané.
Saka taler Zébulon nampa kutha papat,
yakuwi kutha Yoknéam, Kartah, Dimna
lan Nahalal. Saka taler Rubèn nampa
kutha papat: Bèzèr, Yahas, Kedémot,
lan Méfaat. Saka taler Gad nampa kutha
papat, yakuwi: Mahanaim, Hèsbon,
Yaézèr lan Ramot; (Ramot kuwi kutha
pangungsèn ing Giléad).
35 (21:34)
36 (21:34)
37 (21:34)
38 (21:34)
39 (21:34)
40 (21:34)
41 Dadi saka tanah duwèké bangsa
Israèl kabèh ana kutha patang puluh
wolu sing diwènèhaké marang wong-
wong Lèwi. Saben kutha mau ana
pangonané.
42 (21:41)
43 Mengkono patrapé Allah maringaké
marang umat Israèl tanah sing biyèn
dijanjèkaké klawan supaos marang para
leluhuré. Sawisé tanah mau direbut,

umat Israèl nuli padha manggon ing
kono.
44 Gusti Allah ngayomi tanah mau,
kaya janjiné marang para leluhuré
umat Israèl. Mungsuh-mungsuhé Israèl
siji waé ora ana sing wani ngganggu,
merga Allah piyambak sing ngulungaké
mungsuh-mungsuh mau marang umat
Israèl.
45 Gusti Allah ngleksanani sarupaning
prekara sing dijanjèkaké marang umat
Israèl; siji waé ora ana sing kliwatan.
22 1 Yosua banjur nglumpukaké
wong-wong saka taler Rubèn,
Gad lan Manasyè Wétan kali,
2 dikandhani mengkéné, "Kowé wis
padha nglakoni sarupaning prekara sing
didhawuhaké déning Musa, abdiné Allah.
Semono uga kowé wis padha nglakoni
sakèhé préntahku.
3 Seprana-sepréné kowé ora tau
négakaké sedulur-sedulurmu enggoné
maju perang.
4 Pangéran Allahmu saiki wis maringi
katentreman marang sedulur-sedulurmu
sabangsa, kaya janjiné. Mulané saiki
kowé padha muliha menyang wilayahmu
dhéwé, ing sawétané Kali Yardèn, sing

biyèn wis diparingaké déning Musa
marang kowé.
5 Nanging diéling! Kowé padha
nglakonana dhawuh-dhawuh sing
diparingaké déning Musa, yakuwi:
Tresnaa marang Allahmu; èstokna
kersané, lakonana dhawuh-dhawuhé;
sing setya enggonmu ngabdi marang
Panjenenganė kanthi ati sing mantep."
6 Sawisé mengkono Yosua banjur
mujèkaké slamet wong-wong saka
taler-taler Rubèn, Gad lan Manasyè
Wétan kali padha mulih menyang
wilayahé dhéwé-dhéwé. Wong-wong
mau padha diweling déning Yosua
mengkéné, "Saiki kowé padha bali
nggawa bandha akèh. Kowé padha duwé
raja-kaya akèh, semono uga slaka,
emas, tembaga, wesi lan sandhangan.
Raja-brana olèh-olèhanmu ngrampas
saka mungsuh-mungsuhmu kuwi salong
edum-edumna marang para sedulurmu
tunggal taler." Mengkono taler-taler
Rubèn, Gad lan Manasyè Wétan kali
padha bali menyang wilayahé dhéwé.
(Separoné taler Manasyè Wétan kali wis
olèh panduman tanah saka Musa ing
sawétané Kali Yardèn. Separo liyané

nampa panduman lemah saka Yosua ing
sakuloné Kali Yardèn, bebarengan karo
taler-taler Israèl liyané.)
7 (22:6)
8 (22:6)
9 Dadi taler Rubèn, Gad lan separoné
taler Manasyè mulih menyang wilayahé
dhéwé. Enggoné padha pamitan karo
umat Israèl liyané ana ing kutha Silo,
ing tanah Kenaan, banjur saka kono
padha budhal menyang wilayahé dhéwé,
yakuwi tanah Giléad. Pemanggoné ing
kono kuwi merga saka dhawuhé Allah
lantaran Musa.
10 Nalika taler Rubèn, Gad lan Manasyè
Wétan kali tekan Gelilot, dadi isih ana
ing sisih kuloné Kali Yardèn, padha
ngedegaké mesbèh gedhé dhuwur ing
sapinggiring kali mau.
11 Wong Israèl banjur padha krungu
warta mengkéné: "Wong-wong taler
Rubèn, Gad lan Manasyè Wétan kali wis
padha ngedegaké mesbèh ing Gelilot,
ing pinggir kuloné Kali Yardèn!"
12 Bareng wong Israèl padha krungu
pawarta mau, banjur padha nglumpuk
ing Silo arep ngalang-alangi niaté

taler-taler Israèl sing manggon ing
sawétané Kali Yardèn.
13 Pinéhas, anaké Imam Èléazar diutus
déning umat Israèl nekani taler Rubèn,
Gad lan Manasyè Wétan kali, ing tanah
Giléad.
14 Pinéhas mau dikancani wong sepuluh,
yakuwi para penggedhéné taler, saka
saben taler wong siji.
15 Bareng padha ketemu karo taler
Rubèn, Gad lan Manasyè Wétan kali,
16 banjur padha kandha mengkéné,
"Yagéné kowé nindakaké duraka ing
ngarsané Allahé Israèl? Srana enggonmu
ngedegaké mesbèh kuwi kowé apa ora
padha mbrontak marang Allah, merga
ora netepi dhawuhé!
17 Apa kowé wis padha lali karo dosa
sing kita alami biyèn ing Péor? Nalika
semono kita rak diukum déning Allah
srana pageblug, senajan kita iki umat
kagungané! Tekan sepréné kita rak isih
mikul olèh-olèhané? Apa kuwi durung
cukup?
18 Dadiné, apa saiki kowé arep nyingkur
marang Allah menèh? Yèn ing dina iki
kowé nyingkur marang Allah, sésuk Allah
bakal duka marang umat Israèl kabèh.

19 Yèn wilayahmu kéné kokanggep
ora pantes kokenggoni kanggo
ngibadah marang Allah, pindhaha
menyang wilayahé Allah, sing ana ing
Kémah Suciné. Nyuwuna sapéranganė
wilayahku, nanging aja nyingkur marang
Allah utawa gawé dukané Allah, srana
enggonmu ngedegaké mesbèh liya,
merga mesbèhé Pangéran Allah kita, wis
ana.
20 Élinga! Akhan anaké Zérah kaé rak
iya ora nglakoni dhawuhé Allah bab
barang-barang sing kudu disirnakaké.
Lan apa kedadéané? Wong sa-Israèl
kabèh diukum! Sing nglakoni dosa mung
Akhan dhéwé, nanging sing diukum pati
ora mung dhèwèké dhéwé!"
21 Taler Rubèn, Gad lan Manasyè Wétan
kali banjur mangsuli marang para
penggedhéné taler-taler Israèl saka
Kulon kali mengkéné,
22 "Sing Mahakwasa kuwi jumeneng
Allah! Panjenengané kuwi Allah!
Panjenengané pirsa sebab-sebabé aku
padha tumindak mengkono, lan aku
kepéngin kowé kabèh iya padha ngertia!
Saupama nggonku nglakoni mengkono
mau merga arep mbangkang marang

Allah utawa merga ora precaya menèh
marang Panjenengané, aku patènana
waé, saiki uga!
23 Yèn enggonku padha yasa mesbèh
iki nerak dhawuhé Allah, merga
arep dakenggo saos kurban obongan
utawa kurban dhaharan utawa kurban
keslametan, karebèn Gusti Allah
piyambak sing ngukum aku.
24 Nanging ora, sedulur-sedulur! Ora
mengkono karepku! Enggonku yasa
mesbèh iki merga aku padha kuwatir
mbokmenawa mbésuk anak-turunmu
bakal kandha mengkéné karo anak-
turunku, ‘Kowé padha mèlu-mèlu apa
karo Pangéran, Allahé Israèl!
25 Delengen ta, apa ora Allah piyambak
sing maringaké Kali Yardèn iki dadi
wates kanggo misahaké aku karo kowé
wong-wong Rubèn lan Gad. Pancèn ora
ana urusanmu karo Pangéran, Allahé
Israèl.’ Lan kepriyé mengko dadiné? Ora
wurung, anak-turunmu bakal ngganggu
enggoné anak-turunku ngabekti marang
Allah.
26 Mulané aku padha yasa mesbèh iki.
Ora merga arep dakenggo saos kurban

obongan utawa nyaosaké sesaosan
liyané,
27 mung supaya dadi pretandha
kanggo kowé lan kanggo aku, kanggo
anak-turunmu lan anak-turunku ing
tembé, yèn aku iki temen-temen padha
ngabekti marang Allah, sing lenggah ing
Kémah Palenggahané Allah, srana saos
kurban obongan, kurban keslametan lan
sesaosan liya-liyané. Srana mengkono
anak-turunmu bakal ora kandha karo
anak-turunku, yèn aku ora candhuk
lawung karo Allah.
28 Dadi karepku mengkéné: Saupama
anak-turunmu mbésuk muni mengkono,
anak-turunku bisa mangsuli, ‘Delengen
mesbèh iki! Leluhurku padha ngedegaké
mesbèh, padha karo mesbèhé Allah.
Ora kanggo saos kurban obongan utawa
kanggo nyaosaké sesaosan liyané,
nanging minangka pretandha kanggo
kowé lan aku.’
29 Ngandela yèn aku ora arep
mbangkang marang Allah utawa ninggal
marang Panjenengané srana saos kurban
obongan utawa kurban dhaharan ing
mesbèh sing dakyasa iki, merga wis ana

mesbèhé Pangéran Allah kita ana ing
ngarepé Kémah Palenggahané Allah."
30 Ketranganè taler Rubèn, Gad lan
Manasyè Wétan kali mau dirungokaké
déning Pinéhas lan para penggedhé
sepuluh sing makili umat Israèl Kulon
Kali Yardèn. Krungu ketrangan kuwi
wong mau kabèh padha marem.
31 Pinéhas, anaké Imam Èléazar banjur
kandha karo wong-wong taler Rubèn,
Gad lan Manasyè Wétan kali mengkéné,
"Saiki aku ngerti yèn Allah bakal nganthi
marang kita, merga kowé padha ora
mbangkang. Kowé wis padha nylametaké
umat Israèl saka paukumané Allah."
32 Sawisé mengkono Pinéhas lan para
penggedhéné umat Israèl banjur padha
pamitan karo taler Rubèn, Gad lan
Manasyè Wétan kali, bali menyang
tanah Kenaan, sarta nglapuraké lelakoné
marang umat Israèl kabèh.
33 Krungu lapuran mau umat Israèl
padha marem, mula padha ngluhuraké
asmané Pangéran, sarta mbuwang
gagasan arep merangi lan numpes
wong-wong Rubèn, Gad lan Manasyè
Wétan kali mau.

34 Wong-wong taler Rubèn lan Gad
banjur njenengi mesbèh: "Seksi";
kandhané, "Mesbèh iki dadia seksi
kanggo kita kabèh yèn Pangéran kuwi
Allah."

23 1 Gusti Allah paring katentreman
marang umat Israèl srana
kauwalaké saka sakèhé mungsuhé.
Yosua umuré saya akèh lan dadi tuwa
banget.
2 Umat Israèl banjur diklumpukaké,
bebarengan karo para penggedhé, para
pemimpin, para hakim, lan para perwira,
dikandhani mengkéné, "Aku saiki wis
tuwa banget.
3 Kowé wis weruh dhéwé apa sing
ditindakaké déning Pangéran, Allahmu
marang bangsa-bangsa kéné kabèh
kanggo kowé. Sing maju perang sejatiné
Pangéran Allah piyambak.
4 Tanahé bangsa-bangsa sing durung
kita telukaké, mengkono uga tanahé
bangsa-bangsa sing wis kita telukaké,
yakuwi wiwit saka sawétané Kali Yardèn
sapengulon tekan Segara Tengah, kabèh
wis dakedum lan dakwènèhaké dadi
duwèkmu.

5 Pangéran Allahmu bakal gawé kalahé
bangsa-bangsa mau, nganti samangsa
koklurugi perang bakal padha keplayu.
Lan kowé bakal ngenggoni tanahé
dadi tanah pusakamu, kaya sing wis
dijanjèkaké déning Pangéran Allahmu
marang kowé.
6 Mulané padha prelokna enggonmu
ngèstokaké lan nglakoni kabèh sing
katulis ing Kitabé Musa. Dhawuh-dhawuh
mau aja ana sing kokrèmèhaké, senajan
mung sapérangan waé.
7 Kowé aja pisan-pisan sesrawungan
karo bangsa-bangsa sing isih kari
lan saiki ana ing tengah-tengahmu.
Aja pisan-pisan ngucapaké jenengé
allah-allahé bangsa-bangsa mau utawa
sumpah atas jenengé. Kowé aja pisan-
pisan ngabekti utawa sujud marang
allah-allah mau.
8 Malah kowé padha sing setya karo
Pangéran Allahmu, kaya setyamu saiki.
9 Bangsa-bangsa sing luwih kuwat
ketimbang karo kowé wis padha
disingkiraké déning Allah saka ing
ngarepmu; ora ana bangsa siji waé sing
tahan nglawan perang karo kowé.

10 Wong siji panunggalanmu bisa
ngalahaké wong éwon, merga Pangéran
Allahmu sing maju perang kanggo kowé,
kaya sing wis dadi janjiné.
11 Mulané aja padha lali nresnani
marang Pangéran Allahmu.
12 Yèn kowé ora setya marang Allah, lan
kèlu karo bangsa-bangsa mau,
13 élinga, yèn Gusti Allah ora bakal
nglungakaké bangsa-bangsa mau
marang kowé. Malah bangsa-bangsa
kuwi bakal mbebayani lan dadi memala
kanggo kowé. Bangsa-bangsa mau bakal
gawé sengsaramu, merga bakal dadi
pecut kanggo nggitiki gegermu lan dadi
klilip ing mripatmu. Kowé selawasé bakal
nandhang sangsara nganti ora ana wong
siji waé ing antaramu sing kari ana ing
tanah sing ngresepaké, sing diparingaké
Pangéran Allahmu marang kowé iki.
14 Saiki wis tekan titi mangsané aku
tinggal-donya. Kowé kabèh lan sawiji-
wijiné wong ing antaramu, padha weruh
dhéwé enggoné Pangéran Allahmu wis
maringaké samubarang sing dijanjèkaké
marang kowé. Saben prekara sing
dijanjèkaké wis dileksanani. Siji waé ora
ana sing kliwatan.

15 Kaya déné Panjenenganè enggoné
wis ngleksanani apa sing dijanjèkaké,
mengkono uga Panjenenganè bakal
ngganjar kowé nganggo paukuman sing
wis didhawuhaké.
16 Yèn kowé nerak prejanjiané Allah
karo kowé, lan kowé nyembah marang
allah-allah liyané, Gusti Allah bakal duka
lan nekakaké paukumané marang kowé
kabèh. Lan ora suwé sawisé kuwi kowé
bakal ditumpes nganti ora ana wong siji
waé sing kari urip ana ing tanah sing
ngresepaké iki, sing diparingaké déning
Allah marang kowé."
24 1 Taler-taler Israèl diklumpukaké
kabèh déning Yosua ana ing
Sikèm. Mulané para penggedhé, para
pemimpin, para hakim lan para perwira
padha teka ngadhep ing ngarsané Allah.
2 Yosua banjur kandha karo umat Israèl
kabèh mengkéné, "Padha rungokna
pangandikané Pangéran, Allahé Israèl
marang kowé. Allah ngandika, ‘Dhèk
biyèn, para leluhurmu padha manggon
ing sawétané Bengawan Éfrat. Nalika
semono padha nyembah brahala utawa
tetironé allah, yakuwi Térah, bapakné
Abraham lan Nahor.

3 Aku banjur nimbali Abraham, yakuwi
leluhurmu, saka sabrangé Bengawan
Éfrat mau, banjur Dakirid, Dakdhawuhi
ndlajahi tanah Kenaan kabèh. Abraham
Dakparingi turun akèh. Sekawit
Dakparingi anak Iskak.
4 Iskak Dakparingi anak loro, yakuwi
Yakub lan Ésau. Ésau Dakparingi
pegunungan Édom dadi tanah pusakané.
Nanging Yakub, leluhurmu, boyongan
menyang tanah Mesir karo anak-anaké.
5 Aku banjur ngutus Musa lan Harun lan
nekakaké kasangsaran gedhé marang
Mesir; déné umat Israèl Dakentasaké.
6 Leluhurmu Dakirid metu saka ing
tanah Mesir, banjur dioyak déning wong
Mesir nganggo kréta perang lan bala
jaranan. Bareng leluhurmu tekan Segara
Teberau,
7 banjur padha sesambat marang
Aku nyuwun tulung. Panggonan sing
misahaké wong Israèl lan wong Mesir
Dakgawé peteng ndhedhet, lan banyuné
segara Daktekakaké, ngelebi wong
Mesir nganti padha kleleb kabèh.
Sebanjuré, apa sing Daktindakaké
tumrap wong Mesir kowé wis padha
ngerti kabèh. Sawisé mengkono kowé

padha nglembara ing pesamunan nganti
suwé banget.
8 Kowé banjur Dakirid menyang tanahé
wong Amori, sing manggon ing sawétané
Kali Yardèn. Wong Amori padha nglawan
marang kowé, nanging kowé Dakgawé
menang. Tanahé wong Amori mau
kokrebut, lan wong Amori Dakulungaké
marang kowé srana perang.
9 Banjur gentèn Moab, yakuwi Balak
anaké Zipor, nglawan marang kowé.
Balak mau akon ngundang Biléam anaké
Béor, supaya nyupatani kowé.
10 Nanging Biléam ora nyupatani,
malah mberkahi kowé. Nganggo cara
mengkono kowé padha Dakslametaké
saka tangané Balak.
11 Kowé banjur padha nyabrang Kali
Yardèn, lan teka ing kutha Yérikho.
Wong-wong Yérikho perang mungsuh
kowé, semono uga wong Fèris, Kenaan,
Hèt, Girgasi, Hèwi, lan wong Yébus.
Nanging bangsa-bangsa kabèh mau
Dakgawé kalah perangé karo kowé.
12 Nalika kowé padha maju nempuh
bangsa-bangsa mau, dhèwèkné
Dakgawé bingung lan giris, temah raja
Amori loro-loroné padha keplayu. Dudu

pedhangmu lan dudu panahmu sing
marakaké kowé menang.
13 Tanah sing Dakparingaké marang
kowé kuwi dudu asilé penggawému.
Kutha-kutha sing Dakparingaké marang
kowé kuwi dudu kowé sing yasa. Kowé
rak kari ngenggoni. Saiki kowé mangan
wohé wit anggur lan wit zaitun, nanging
dudu kowé sing nandur.’"
14 Sebanjuré Yosua kandha mengkéné,
"Mulané saiki kowé padha ngabektia
marang Allah. Padha ngabdia marang
Panjenengané klawan éklasing ati
lan kasetyan. Sarupané brahala sing
disembah déning leluhurmu dhèk ana
ing Mésopotamia lan ing tanah Mesir
buwangen. Padha ngemungna ngabekti
marang Allah piyambak.
15 Saupama kowé padha ora gelem
ngabdi marang Allah, padha netepna
putusan ing dina iki uga, sapa sing arep
kokbektèni. Apa brahala-brahala sing
biyèn disembah déning para leluhurmu
ing Mésopotamia, apa brahala-brahalané
wong Amori sing panggonané saiki
kokenggoni. Déné aku lan kulawargaku,
arep padha ngabekti marang Allah."

16 Umat Israèl banjur padha mangsuli,
"Kula mboten badhé nilar Gusti
Allah lan gentos ngabekti dhateng
brahala-brahala!
17 Pangéran Allah piyambak ingkang
sampun ngluwari leluhur kita lan kula
sedaya saking enggèn kula dados
réncang tumbasan ing tanah Mesir.
Kula sampun sami sumerep kaélokan-
kaélokan ingkang kaasta déning Allah.
Allah sampun ngreksa lan ngayomi kula
ing samargi-margi, nalika kula sami
mlampah nglangkungi tanah-tanah
ngamanca.
18 Lan nalika kula sami mlebet ing
negari menika, inggih Gusti Allah
piyambak ingkang ngésahaken tiyang
Amori sedaya, ingkang suwau manggèn
ing ngriki. Pramila kula sami purun
ngabekti dhateng Pangéran, mergi
Panjenenganipun menika Allah kula."
19 Yosua banjur kandha menèh,
"Nanging Pangéran mono Allah
kang suci. Panjenengané ora kersa
ditandhingi. Dadi bisa uga kowé mbésuk
bakal ora kuwat nerusaké enggonmu
ngabdi marang Panjenengané. Sebab
yèn nganti kowé nyingkur Panjenengané

lan nyembah marang allah-allah liyané,
Panjenengané bakal ora ngapura
dosamu, malah bakal nglawan lan
ngukum kowé kabèh. Kowé bakal
ditumpes, senajan Panjenengané biyèn
ngasihi kowé."
20 (24:19)
21 Wong-wong Israèl nuli padha
mangsuli, "Èstu mboten, kula mboten
badhé nyembah dhateng allah sanèsipun.
Kula namung badhé ngabekti dhateng
Gusti Allah kémawon!"
22 Yosua banjur kandha menèh, "Saiki
kowé dhéwé sing neksèni yèn kowé
wis mutusaké mung arep ngabekti
marang Allah piyambak." Wangsulané
wong akèh mau, "Inggih, kula piyambak
seksinipun."
23 Kandhané Yosua menèh, "Yèn
mengkono, allah-allahan sing padha
koksimpen kuwi buwangen, lan padha
sumpaha yèn kowé bakal setya marang
Pangéran, Allahé Israèl."
24 Wong-wong mau banjur padha matur
marang Yosua mengkéné, "Kula badhé
sami ngabekti dhateng Pangéran Allah
kémawon. Kula badhé sami ngèstokaken
dhawuh-dhawuhipun."

25 Ing dina iku ing Sikèm, Yosua
gawé prejanjian karo bangsa Israèl,
banjur medharaké dhawuh-dhawuh lan
prenatan-prenatan sing kudu padha
ditetepi.
26 Dhawuh-dhawuh lan prenatan-
prenatan mau banjur ditulis déning
Yosua ana ing Kitab Angger-anggeré
Allah. Dhèwèkné banjur njupuk watu
gedhé, diedegaké ing ngisor wit gedhé
ing panggonan sing disucèkaké kagem
Gusti Allah.
27 Sawisé mengkono banjur kandha
karo wong kabèh, "Watu iki dadia seksi
kanggo kowé lan aku. Sakèhé tembung
sing diucapaké, kuwi wis diucapaké
ana ing ngarepé watu iki. Dadiné watu
iki sing bakal dadi seksi ing ngatasé
kowé kabèh, samasa kowé mbésuk
mbangkang marang Allahmu."
28 Sawisé mengkono Yosua nglilani
wong-wong mau mulih; mula wong
kabèh banjur padha bali menyang
omahé dhéwé-dhéwé.
29 Sawisé mengkono Yosua bin Nun,
abdiné Allah, banjur tilar-donya; nalika
semono umuré satus sepuluh taun.

30 Yosua dikubur ana ing lemahé dhéwé
ing Timnat-Sérah, ing pegunungan
Éfraim, saloré Gunung Gaas.
31 Selawasé Yosua isih urip, umat
Israèl padha ngabekti marang Allah.
Semono uga sawisé Yosua tilar-donya
lan selawasé pemimpin-pemimpin sing
padha nyipati dhéwé pakaryané Gusti
Allah kanggo umat Israèl, isih padha
urip.
32 Jisimé Yusuf sing biyèn digawa umat
Israèl saka tanah Mesir, dikubur ing
Sikèm, ing palemahan sing biyèn dituku
déning Yakub saka anak-anaké Hémor,
bapakné Sikèm, rega satus dhuwit slaka.
Palemahan mau diwarisaké marang
anak-turuné Yusuf.
33 Déné Èléazar anaké Harun, uga
tilar-donya lan dikubur ing Gibéa,
yakuwi kutha sing dunungé ing daérah
pegunungan Éfraim. Kutha mau wis
diwarisaké marang Pinéhas, anaké
Èléazar.

Hakim-Hakim

1 [1] Sawisé Yosua tilar-donya, bangsa
Israèl banjur nyuwun pirsa marang
Pangéran, "Gusti, taler pundi ingkang
kedah miwiti nyerang bangsa Kenaan?"
[2] Pangandikané Gusti Allah, "Taler
Yéhuda, sing wis Dakparingi pangwasa
kanggo ngalahaké tanah kuwi."
[3] Taler Yéhuda banjur kandha karo
taler Siméon, "Aku réwangana nyerang
wong Kenaan lan ngrebut wilayahé
sing wis diparingaké déning Pangéran
marang aku. Mengko aku bakal gentèn
ngréwangi kowé ngrebut wilayah sing
wis diparingaké Pangéran marang kowé."
Mulané taler Siméon
[4] lan taler Yéhuda nuli padha maju
perang bebarengan. Merga saka berkahé
Pangéran taler-taler mau padha nelukaké
wong Kenaan lan wong Fèris. Prejurité
mungsuh sing mati ing Bèzèk cacahé
sepuluh èwu.
[5] Rajané wilayah kono sing disebut
Adoni-Bèzèk bareng diserang déning
wong Yéhuda lan wong Siméon,

6 keplayu, banjur dioyak lan dicekel;
jempol tangan lan jempol sikilé dikethok
kabèh.
7 Adoni-Bèzèk ngucap mengkéné,
"Biyèn aku wis ngethok jempol sikil
lan jempol tangané raja pitung puluh,
nuli dakkon mangan sisa sing tiba saka
méjaku. Saiki Gusti Allah males marang
aku, kaya enggonku dhèk biyèn ngukum
marang mungsuh-mungsuhku." Adoni-
Bèzèk mau banjur digawa menyang
Yérusalèm lan tinggal-donya ana ing
kana.
8 Wong Yéhuda banjur nyerang kutha
Yérusalèm, direbut lan diobong, sarta
penduduké dipatèni.
9 Sawisé mengkono banjur nglurugi
perang wong Kenaan sing manggon
ing pegunungan lan ing èrèng-èrèngé
gunung-gunung sarta ing ara-ara samun
sisih Kidul.
10 Iya nyerang kutha Hébron, sing
biyèn karan Kiryat-Arba. Ing kono wong
Yéhuda nelukaké wong Sésai, Agiman
lan Talmai.
11 Saka Hébron wong Yéhuda nglurug
menyang kutha Debir, sing nalika
semana karan Kiryat-Sèfèr.

12 Ana wong saka taler Yéhuda jeneng Kalèb, muni mengkéné, "Sapa sing bisa ngrebut kutha Kiryat-Sèfèr bakal dakéntukaké anakku sing jeneng Akhsa."

13 Otnièl, anaké Kénas, adhiné Kalèb kelakon ngrebut kutha mau. Mulané Otnièl banjur dipèk mantu, dijodhokaké karo Akhsa, anaké.

14 Nalika dina kawiné, Otnièl ngojok-ojoki Akhsa, bojoné, supaya njaluk bagéan lemah marang bapakné. Mulané Akhsa banjur medhun saka kuldiné. Kalèb nuli takon, "Kowé arep njaluk apa?"

15 Akhsa mangsuli, "Kula nyuwun siti ingkang wonten sumberipun sawetawis, margi pasitèn ingkang panjenengan paringaken menika mboten wonten sumberipun." Mulané Kalèb banjur mènèhi palemahan sisih ndhuwur lan ngisor sing ana sumberé.

16 Wong Kèni, yakuwi anak-turuné maratuwané Musa, mèlu wong Yéhuda metu saka kutha Yérikho (tegesé: kutha kurma), lunga menyang daérah cengkar[a] ing sakidulé Arad, wilayah Yéhuda. Wong

---

[a]cengkar: mboten subur.

Kèni mau banjur manggon ing kana, ing
satengahé bangsa Amalèk.
17 Sawisé mengkono taler Yéhuda
bebarengan karo taler Siméon banjur
nyerang bangsa Kenaan, sing padha
manggon ing kutha Zéfat. Kutha mau
direbut, banjur ditumpes lan diganti
jenengé dadi Horma.[b]
18 Pangéran mitulungi taler Yéhuda,
nganti padha bisa ngrebut daérah
pegunungan. Nanging ora bisa nelukaké
kutha Gaza, Askelon lan Ékron karo
daérah-daérah sakiwa-tengené, merga
bangsa-bangsa sing padha manggon ing
pesisir mau padha duwé kréta perang
saka wesi. Mulané taler Yéhuda ora bisa
nglungakaké bangsa-bangsa mau saka
kana.
19 (1:18)
20 Miturut préntahé Musa, kutha Hébron
kuwi diparingaké marang Kalèb, merga
Kalèb kuwi sing biyèn nglungakaké
golongan telu anak-turuné Énaki, sing
padha manggon ing kutha kono.
21 Taler Bènyamin ora bisa nglungakaké
wong Yébus saka kutha Yérusalèm.
Mulané wong Yébusi tetep padha

---

[b]Horma: tembung Ibrani, tegesipun sirna.

manggon bebarengan karo taler
Bènyamin ing daérah mau.
22 Taler Éfraim lan Manasyè, anak-
turuné Yusuf padha nyerang kutha Bètèl.
Sing nalika semono jenengé Lus. Gusti
Allah ngréwangi perangé taler-taler mau.
Nalika telik-telik sing padha diutus lagi
mlaku ngener ing kutha Bètèl,
23 (1:22)
24 kepethuk karo wong lanang sing
lagi metu saka kutha kono. Telik-telik
mau kandha mengkéné, "Kowé ora arep
dakkapak-kapakaké, angger kowé gelem
ngandhani aku carané mlebu ing kutha."
25 Wong-wong Éfraim lan Manasyè
nuli padha mlebu ing kutha lan matèni
sakèhé penduduké, kejaba brayaté wong
sing nuduhaké dalan mau.
26 Wongé nuli ngalih saka kono,
manggon ing daérahé wong Hèt; banjur
ngedegaké kutha, sing dijenengi Lus,
nganti tekan sepréné.
27 Taler Manasyè ora nglungakaké
penduduk-penduduké kutha Bèt-Séan,
Taanak, Dhor, Yibléam, Megido lan
pedésan-pedésan ing sakiwa-tengené.
Mulané wong-wong mau isih tetep padha
manggon ing kono.

28 Senajan wong Israèl saya kwasa, éwasemono ora nglungakaké wong Kenaan mau saka kono, nanging mung dipeksa dadi batur-tukoné.
29 Taler Éfraim uga ora nglungakaké wong Kenaan sing manggon ing kutha Gèzèr. Dadi wong Kenaan mau isih tetep manggon ing kutha kono, bebarengan karo taler Éfraim.
30 Taler Zébulon iya ora nglungakaké wong Kenaan sing manggon ing kutha Kitron lan Nahalol. Mulané wong-wong Kenaan mau isih tetep manggon bebarengan karo taler Zébulon, mung didadèkaké batur-tukon.
31 Taler Asyèr ora nglungakaké wong Kenaan sing padha manggon ing kutha-kutha: Ako, Sidon, Ahlab, Aksib, Hèlba, Afèka lan Réhob.
32 Mulané wong-wong Kenaan mau isih manggon bebarengan karo taler Asyèr ing kutha-kutha mau.
33 Taler Naftali iya ora nglungakaké wong-wong Kenaan sing padha manggon ing Bèt-Sèmès lan Bèt-Anat. Mulané wong-wong Kenaan mau padha tetep manggon ing kono bebarengan karo

taler Naftali, mung waé didadèkaké
batur-tukoné.
34 Bangsa Amori isih tetep manggon
ing Ayalon, Saalbim lan Gunung Horès,
merga taler Dhan diesuk déning wong-
wong Kenaan mau menyang daérah
pegunungan, lan ora bisa medhun ing
tanah ngaré. Nanging bangsa Amori mau
bisa dikalahaké déning taler Éfraim lan
Manasyè, sarta didadèkaké batur-tukoné
taler loro mau.
35 (1:34)
36 Wates daérahé wong Amori kuwi
wiwit saka lowahan unggah-unggahan
Akrabim, saloré Séla, terus sapendhuwur.

2
1 Malaékaté Pangéran tindak
saka Gilgal menyang Bokhim,[c]
sarta ngandika marang bangsa Israèl
mengkéné, "Aku wis ngentas kowé
saka tanah Mesir lan ngirid lakumu
menyang tanah sing wis Dakjanjèkaké
marang para leluhurmu. Aku wis kandha,
'Prejanjian-Ku karo kowé ora bakal
Dakbatalaké.
2 Mulané kowé ora kena gawé
prejanjian karo wong pribumi kéné.

[c]Bokhim: Tembung Ibrani, tegesipun 'sing padha nangis'.

Mesbèh-mesbèhé kudu kokgempur.’
Nanging kowé padha ora nglakoni
dhawuh-Ku. Malah padha nindakaké
kosokbaliné!
3 Mulané, saiki padha rungokna!
Samasa kowé nyerang wong-wong
Kenaan, Aku ora bakal nglungakaké
wong-wong mau saka tanah kéné. Wong-
wong mau bakal dadi mungsuhmu, sing
bakal dadi memala, temahan kowé bakal
mèlu nyembah brahala-brahalané."
4 Sawisé Malaékaté Pangéran rampung
enggoné paring dhawuh, umat Israèl
kabèh nuli padha nangis.
5 Mulané panggonan kono disebut
Bokhim. Ing panggonan mau umat Israèl
padha nyaosaké kurban konjuk marang
Allah.
6 Sawisé pamitan karo Yosua, wong
Israèl nuli padha ngenggoni tanah sing
dadi pandumané dhéwé-dhéwé.
7 Selawasé Yosua isih urip, wong
Israèl padha ngabekti marang Allah.
Mengkono uga sawisé Yosua tilar-donya
wong Israèl isih tetep ngabekti marang
Allah, yakuwi sasuwéné dituntun déning
wong-wong sing padha ngalami dhéwé

kaélokan-kaélokan sing ditindakaké
déning Allah kanggo bangsa Israèl.
8 Yosua bin Nun, abdiné Allah, tinggal-
donya nalika umuré nyandhak satus
sepuluh taun.
9 Banjur dikubur ing lemahé
dhéwé, yakuwi ing Timnat-Hèrès,
ing pegunungan Éfraim, saloré Gunung
Gaas.
10 Ora let suwé wong-wong pantarané
Yosua iya banjur padha tinggal-donya.
Déné wong-wong sing lairé sapungkuré
angkatané Yosua padha ora wanuh
karo Allah, merga padha ora ngalami
dhéwé apa sing ditindakaké déning Allah
kanggo umat Israèl.
11 Sawisé mengkono umat Israèl padha
gawé dosa ing ngarsané Allah; padha
ora nyembah marang Pangéran, Allahé
leluhuré, iya Allah sing ngirid lakuné
metu saka tanah Mesir. Malah padha
nyembah marang Baal lan Astorèt
sarta déwa-déwa liyané, sing disembah
déning bangsa-bangsa sakiwa-tengené.
Mulané Gusti Allah duka marang
umat mau, sarta négakaké bangsa
Israèl diserang lan dirampog déning
grombolan-grombolan. Umat mau ora

bisa ngadhepi mungsuh-mungsuh saka
kiwa-tengené.
12 (2:11)
13 (2:11)
14 (2:11)
15 Saben nyerang malah dilawan
déning Allah piyambak, kaya sing wis
dingandikakaké, "Wusana umat Israèl
uripé sangsara banget."
16 Sawisé mengkono Gusti Allah
banjur maringi pemimpin, didhawuhi
nylametaké umat Israèl saka tangané
grombolan-grombolan rampog mau.
17 Nanging umat Israèl ora nggugu
karo para pemimpin mau, lan ora setya
marang Allah, malah padha nyembah
brahala-brahala. Ora padha niru para
leluhuré sing mbangun-turut marang
dhawuh-dhawuhé Allah.
18 Yèn Gusti Allah maringi pemimpin
marang bangsa Israèl, pemimpin
mau mesthi dipitulungi. Lan sajroné
pemimpin mau isih urip, Gusti Allah
mesthi nylametaké umat Israèl saka
tangané mungsuh-mungsuhé. Olèhé
mengkono merga saka welasé marang
umat mau, yakuwi samasa padha

sesambat, dianiaya lan ditindhes déning
mungsuh-mungsuhé.
19 Nanging yèn pemimpin mau wis
mati, umat mau bali nglakoni piala
menèh, ngabekti lan nyembah marang
brahala-brahala, malah ngungkuli
pialané sing uwis-uwis. Padatan lan
pakulinan sing ala kuwi ora dimarèni,
malah dibalèni menèh.
20 Mulané Gusti Allah duka banget
marang umat Israèl, lan ngandika,
"Aku wis dhawuh karo leluhuré bangsa
iki supaya netepi prejanjiané karo
Aku. Nanging bangsa iki mbatalaké;
dhawuh-Ku padha diterak.
21 Mulané saiki Aku ora bakal
nglungakaké bangsa endi waé sing
isih kari manggon ing tanah kéné
sapungkuré Yosua.
22 Malah bangsa-bangsa kuwi bakal
Dakgawé nguji bangsa Israèl, supaya
Aku pirsa, apa umat iki gelem mbangun-
turut marang dhawuh-dhawuh-Ku kaya
para leluhuré, apa ora."
23 Iya iki sebabé Yosua ora diparengaké
nelukaké bangsa-bangsa ing kono.
Malah Panjenengané ngenengaké waé

bangsa-bangsa pribumi manggon ing
kono.

3 [1] Kanggo nguji wong-wong Israèl
sing ora tau ngalami perang ngrebut
tanah Kenaan, ana bangsa-bangsa
pribumi sawetara sing ora disingkiraké
déning Allah saka tanah mau.
[2] Srana mengkono Gusti Allah mulang
marang anak-turuné bangsa Israèl, sing
ora ngalami perang nalika ngrebut tanah
Kenaan, supaya ngrasakaké aboté wong
perang.
[3] Bangsa-bangsa sing isih kari ana
ing tanah Kenaan yakuwi: bangsa
sing manggon ing kutha Filistin lima,
banjur bangsa Kenaan kabèh, bangsa
Sidon, bangsa Hèwi, sing manggon ing
pegunungan Libanon, wiwit saka Gunung
Baal Hèrmon tekan dalan sing tekan ing
Hamat.
[4] Preluné kanggo nguji bangsa Israèl
apa mbangun-turut apa ora karo
dhawuh-dhawuh sing diparingaké déning
Pangéran marang para leluhuré, lantaran
Musa.
[5] Kuwi sebabé wong Kenaan, Hèt,
Amori, Fèris, Hèwi lan Yébus padha

tetep manggon ing tanah Kenaan kono,
bebarengan karo umat Israèl.
6 Anak-anaké umat Israèl padha
kawin lan dikawinaké karo anak-anaké
bangsa-bangsa mau. Lan umat Israèl
dhéwé uga kèlu nyembah déwa-déwané
wong Kenaan kono.
7 Sawisé mengkono wong Israèl
padha gawé dosa menèh ana ing
ngarsané Pangéran, Allahé. Padha lali
marang Allah, banjur ngabekti marang
brahala-brahala Baal lan Asyéra.
8 Gusti Allah banjur duka marang umat
Israèl. Mulané ditégakaké ditelukaké
sarta dijajah déning Raja Kusan-Risataim
saka Mésopotamia, suwéné wolung taun.
9 Umat Israèl banjur sesambat nyuwun
pitulungan marang Allah. Gusti Allah
banjur maringaké Otnièl kanggo nulungi
wong Israèl. (Otnièl kuwi anaké Kénas,
adhiné Kalèb.)
10 Otnièl kaparingan Rohé Allah, mulané
dadi pemimpiné umat Israèl. Otnièl
nglurug perang lan ngalahaké raja
Mésopotamia.
11 Negara kono banjur tentrem
menèh suwéné nganti patang puluh

taun. Sawisé mengkono Otnièl banjur
tilar-donya.
12 Umat Israèl gawé dosa menèh
marang Gusti Allah, mula Panjenengané
banjur ndadèkaké Églon, raja Moab,
luwih gedhé pangwasané ketimbang
karo Israèl.
13 Églon bebarengan karo bangsa Amon
lan bangsa Amalèk nyerang wong Israèl,
lan ngrebut kutha Yérikho.
14 Wolulas taun lawasé wong Israèl
dijajah déning Églon.
15 Nanging bareng umat Israèl sesambat
ing ngarsané Allah. Panjenengané banjur
ngutus Éhud supaya nulungi umat mau.
Éhud kuwi kédhé,[d] bapakné jenengé
Géra, taler Bènyamin. Lumrahé wong
Israèl padha saos pisungsung marang
raja Églon, lantaran Éhud.
16 Ing sawijining dina Éhud gawé golok
landhep kiwa-tengen, dawané setengah
mèter. Golok mau ditlesepaké ing njero
klambi ing bangkèkané sisih tengen.
17 Éhud banjur budhal nyaosaké
pisungsungé umat Israèl marang Églon.
Églon kuwi awaké lemu banget.

---

[d]kédhé: kidal (bhs. Ind.).

18 Sawisé rampung enggoné nyaosaké
pisungsung mau, wong-wong sing mau
padha mikul, dikon mulih.
19 Nanging Éhud dhéwé satekané
panggonané reca-reca ukir-ukiran,
banjur mbalik menèh nemoni Églon,
sing nalika semono ngisis ana ing
lotèng. Éhud matur marang Raja Églon,
"Dhuh Sang Prabu, keparenga kula
ngaturaken setunggaling prekawis
wados ing ngarsanipun Sang Prabu."
Sang Prabu banjur ndhawuhi para abdi
metu saka kamar. Sing kèri kari Sang
Prabu lan Éhud dhéwé. Éhud banjur
maju, nyedhaki panggonané Sang Prabu
lenggah, nuli matur, "Wonten pawartos
saking Allah kagem Sang Prabu!" Krungu
atur mau Sang Prabu banjur jumeneng.
20 (3:19)
21 Énggal-énggal Éhud ngunus goloké
sing ana ing bangkèkané tengen,
banjur disudukaké Sang Prabu. Goloké
mau ambles sagarané pisan, nembus
lapisaning gajih ing weteng tekan ing
geger. Éhud ora njabud golok mau,
ditogaké waé,
22 (3:21)

23 banjur lunga; lawangé dikancing saka
njaba. Bareng para abdi padha bali lan
weruh lawangé kamar kancingan, padha
ngira yèn Sang Prabu isih ana ing njero
lagi ana prelu.
24 (3:23)
25 Bareng dientèn-entèni Sang Prabu
ora miyos, para abdi banjur padha
njupuk kunci lan mbukak lawangé. Jebul
Sang Prabu gumléthak ana ing njogan,
wis tinggal-donya.
26 Sajroné para abdi mau padha
ngentèn-entèni, Éhud wis mlayu mulih
menyang Séira, liwat panggonané
reca-reca ukir-ukiran.
27 Satekané daérah pegunungan Éfraim,
Éhud banjur ngunèkaké slomprèt,
kanggo nglumpukaké wong Israèl, diajak
perang. Wong Israèl padha teka, nuli
diirid déning Éhud medhun saka tanah
pegunungan.
28 Tembungé, "Mèlua aku; Gusti Allah
wis ngulungaké mungsuhmu, wong
Moab, marang kowé." Wong Israèl banjur
padha medhun saka pegunungan, kairid
déning Éhud; banjur ngrebut panggonan
sabranganė wong Moab ing Kali Yardèn.

Wong Moab sing arep nyabrang golèk
slamet padha dipatèni kabèh.
29 Sajroné peprangan mau wong Israèl
matèni prejurit Moab sing pilihan cacahé
sepuluh èwu. Siji waé ora ana sing oncat.
30 Ing dina iku Moab dikalahaké déning
Israèl, lan tanah Kenaan ngalami
tentrem lawasé wolung puluh taun.
31 Pemimpin sapungkuré Éhud jenengé
Samgar, anaké Anat. Samgar mimpin
perang lan nylametaké wong Israèl.
Gamané Samgar mung kayu, sing adaté
kanggo nggiring sapi. Srana gaman mau
Samgar matèni wong Filistin nem atus.

4

1 Bareng Éhud wis mati, bangsa Israèl
gawé dosa menèh ing ngarsané
Pangéran.
2 Mulané Pangéran négakaké bangsa
mau ditelukaké déning Yabin, raja
Kenaan ing kutha Hazor. Sénapatiné
Yabin jenengé Siséra. Manggoné ing
kutha Harosèt Hagoyim.
3 Yabin duwé kréta perang saka wesi,
cacahé sangang atus. Enggoné njajah
lan nindhes bangsa Israèl lawasé rong
puluh taun. Wong Israèl banjur padha
sesambat nyuwun tulung marang
Pangéran.

4 Nalika semono Israèl dipimpin déning
nabi wadon, jenengé Déborah, bojoné
Lapidot.
5 Adaté Déborah lungguh ing sangisoré
wit kurma, antarané Rama lan Bètèl, ing
daérah pegunungan Éfraim. Wong Israèl
yèn butuh pituduh padha mrono.
6 Ing sawijining dina Déborah
kongkonan wong ngundang Barak,
anaké Abinoam, sing manggon ing kutha
Kèdès, ing daérah Naftali. Kandhané
marang Barak, "Mengkéné dhawuhé
Pangéran, Allahé Israèl marang kowé,
‘Nglumpukna wong lanang sepuluh èwu
saka taler Naftali lan Zébulon, iriden
menyang Gunung Tabor.
7 Mengko Aku bakal ngosikaké atiné
Siséra, komandhané tentarané Yabin,
marani kowé ing Kali Kison, nggawa
tentarané lan krétané perang, arep
nyerang kowé. Nanging sajroné perang
mau dhèwèké bakal Dakulungaké
marang kowé!’"
8 Wangsulané Barak marang Déborah,
"Menawi panjenengan tumut, kula purun
mangkat. Nanging menawi mboten, kula
inggih mboten badhé késah."

9 Pangucapé Déborah, "Ya becik, aku
dakmèlu. Nanging élinga, dudu kowé
mengko sing olèh pengalem. Gusti
Allah bakal nelukaké Siséra lantaran
wong wadon." Déborah banjur budhal
bebarengan karo Barak saka Kèdès.
10 Barak nuli nglumpukaké taler Zébulon
lan taler Naftali ana ing Kèdès. Sing
mèlu nglurug perang karo Déborah lan
Barak cacahé wong 10.000.
11 Nalika semono ana wong jenengé
Hèbèr, wong Kèni, sing wis misah
saka golongané. (Bangsa Kèni kuwi
anak-turuné Hobab, ipéné Musa.)
Hèbèr mau manggoné cedhak wit-witan
terpentin ing Zaanaim, ora adoh saka
Kèdès.
12 Krungu wertané yèn Barak wis
nglurug tekan Gunung Tabor,
13 Siséra banjur nglumpukaké krétané
wesi kanggo perang sing cacahé sangang
atus mau, lan tentarané kabèh, dikon
mangkat bebarengan saka Harosèt
Hagoyim menyang Kali Kison.
14 Déborah banjur kandha karo Barak
mengkéné, "Majua, Pangéran piyambak
sing nuntun kowé. Ing dina iki uga Allah
bakal nggawé Siséra kalah karo kowé."

Mulané Barak lan tentarané kabèh banjur
medhun saka Gunung Tabor,
15 lan nyerang Siséra. Gusti Allah
nggawé tentarané Siséra lan krétané
perang kisruh kabèh, nganti Siséra
kepeksa medhun saka ing krétané, lan
mlayu arep nylametaké nyawané.
16 Barak ngoyak kréta-kréta perang
lan tentarané mungsuh nganti tekan
Harosèt Hagoyim. Tentarané Siséra
kelakon dipatèni kabèh, siji waé ora ana
sing diuripi.
17 Kocapa Siséra enggoné mlayu
tekan omahé Yaèl, bojoné Hèbèr, wong
Kèni, sebab Raja Yabin kekancan karo
kulawargané Hèbèr mau.
18 Nalika Siséra teka, Yaèl methukaké
karo muni mengkéné, "Mangga ndara,
kula aturi pinarak ing kémah kula,
mboten sisah kuwatos." Siséra banjur
mlebu ing kémahé Yaèl, lan didhelikaké
déning Yaèl ing samburiné gordin.
19 Tembungé Siséra marang Yaèl, "Aku
ngelak banget, wènèhana ngombé."
Yaèl banjur njupuk impes kulit, wadhah
susu. Sawisé diwènèhi ngombé, Siséra
banjur didhelikaké menèh ing samburiné
gordin.

20 Siséra banjur kandha karo Yaèl, "Ngadega ing ngarep kémah. Yèn ana wong teka lan takon apa ana wong mréné, kandhaa yèn ora ana."

21 Siséra kesel banget, mulané banjur turu kepati. Yaèl njupuk pukul besi lan pathok kémah, banjur alon-alon nyedhaki Siséra. Pathok mau ditèmplèkaké ing pilinganè Siséra, nuli dithuthuk sarosané nganti pathok mau tembus ing lemah. Kaya mengkono carané Yaèl matèni Siséra.

22 Nalika Barak teka nggolèki Siséra, Yaèl methukaké karo muni mengkéné, "Mangga kula tedahi tiyang ingkang panjenengan padosi." Barak banjur mlebu karo Yaèl, lan weruh Siséra wis mati, nggléthak ing njogan, pathoké isih tumancep ing pilinganè.

23 Ing dina iku Pangéran maringi kemenangan marang wong Israèl bisa ngalahaké Yabin.

24 Merga saka panindhesé wong Israèl sing saya abot, temah raja mau sirna.

5 1 Ing dina kuwi Déborah lan Barak, anaké Abinoam, padha ngidung mengkéné:

2 Pinujia Pangéran! Israèl sumpah mau
perang! Rakyat éklas nggawa pedhang.
3 Rungokna para raja lan priyagung;
dakngidung konjuk Allah Kang
Mahaagung.
4 Nalika Gusti miyos saka Séir, nilar
Édom, gawé gonjingé bumi, udan
tumurun, langit gumeter, nggegirisi.
5 Ing ngarsané Allah, Sinai dalah
gunung padha miris, kabèh titah
gumeter, giris.
6 Dhèk jamané Samgar bin Anat, uga
jamané Yaèl, dalan-dalan sepi kabèh
satanahé wong Israèl.
7 Kutha-kutha padha suwung, nganti
satekamu, Déborah, dadi biyung ing
Israèl, nuli mrenata.
8 Nalika Israèl nyembah brahala, banjur
ketekan perang, Israèl tanpa gegaman,
patang leksa, nyerang.
9 Para panglima lan perwira, kowé
prejurit linuwih. Demi Allah kowé
perang, tanpa pamrih.
10 É wong sing numpak kuldi putih adi,
lan kowé sing lungguh ing permadani,
uga para wong sing mlaku ing dedalan,
wartakna kemenanganė Pangéran.

11 Rungokna! Wong padha crita ing
sumur-sumur, ora entèk-entèk memuji
Kang Mahaluhur, kang paring unggul
marang umaté! Padha suka-rena
nglumpuk ing gapurané.
12 Déborah ngadega lan memujia,
Barak, giringen tawanan perang,
ngadega!
13 Para perwira padha lapur marang
komandhané, rila perang dadi balané.
14 Saka Lebak Éfraim padha mlaku,
klawan mantep, Bènyamin baris ing
ngarep. Saka Makhir tekané para
panglima, saka Zébulon asalé para
perwira.
15 Para penggedhé taler Isakar mèlu
Déborah, ya Isakar lan Barak uga; padha
medhun menyang ngaré. Nanging taler
Rubèn ora mèlu merga akèh sing padha
gojag-gajeg.
16 Yagéné thenguk-thenguk nunggu
wedhus? Ngrungokaké sulingé pangon
ngundang taleré? Taler Rubèn jero
panimbangé, arep mèlu apa ora, embuh
karepé.
17 Zébulon lan Naftali kendel perangé,
nanging Dhan tetep ing prauné, lan
Gad ora mingsed saka enggoné. Asyèr

lungguh ayem ing pinggir segara,
sungkan ninggal médan perang ing
kana.
18 (5:17)
19 Ana ing Taanak, cedhak Kali Megido
padha siaga, raja-raja Kenaan kalah, ora
bisa ngrayah selaka.
20 Lintang-lintang mèlu perang, saka
kana Siséra diserang.
21 Banjiré Kali Kison ngéntiraké
mungsuh, hé nyawaku, majua dikendel
lan teguh.
22 Gedrugé tracak jaran mbarengi rikaté
playuné, gawé horeg lemah sing kambah
sikilé.
23 Malaékaté Pangéran dhawuh, "Ipat-
ipatana Méros lan rakyaté, merga ora
perang kagem Pangéran, Allahé."
24 Begja kowé Yaèl, bojoné Hèbèr, wong
Kèni, ing antarané sing manggon ing
kémah, kowé sing diberkahi.
25 Siséra ngelak njaluk banyu, diwènèhi
susu, wadhahé tuwung sing éndah,
pantes diagem ratu.
26 Srana pathok lan pukul besi, sirahé
Siséra dipantèk Yaèl butul ing bumi.
27 Gronjalan ing sikilé Yaèl, Siséra ora
tangi, gemléthak ing lemah banjur mati.

28 Saka ing selané ruji jendhéla, ibuné
Siséra muni, "Suwé temen tekané kréta
lan jarané iki."
29 Réwangé pinter mangsuli, nadyan
wis ngerti ing sajroning ati:
30 "Nuwun sèwu, saged ugi nembé
ngedum rayahan, saben prejurit angsal
prawan. Kanggé Siséra temtu ageman
alus saking manca, sléndhang sulam
kagem ing jangga."
31 Mugi-mugi sedaya mengsah Paduka,
pejah kados Siséra, nanging abdi Tuwan
kados surya, mempeng ing daya. Sawisé
mengkono negara kono dadi tentrem
patang puluh taun lawasé.

6 1 Wong Israèl nglakoni dosa menèh
ing ngarsané Allah, temah ditégakaké
kajajah déning wong Midian suwéné
pitung taun.
2 Sarèhné wong Midian kuwi kwasa
banget, wong Israèl pilih padha
sumingkir lan ndhelik ing guwa-guwa
lan ing panggonan sing aman ing
gunung-gunung.
3 Kejaba saka kuwi, angger wong tani
ing Israèl arep padha nenandur, wong
Midian mau teka karo wong Amalèk lan

wong-wong liyané saka ara-ara samun,
nyerang wong Israèl.
4 Padha ngedegaké kémah ana ing kono
lan ngrusak tandurané kabèh sing ana
ing tanah kono nganti tekan daérah
sakiwa-tengené Gaza sapengidul. Uga
raja-kaya, yakuwi wedhus gèmbèl, sapi
lan kuldiné wong Israèl digawa lunga.
Kéwan siji waé ora ana sing dikarèkaké,
nganti wong Israèl padha ora duwé
pangan babar-pisan.
5 Mungsuh mau tekané bebarengan,
nggawa unta lan kémah. Cacahé akèh
banget, nganti ora kena diétung. Tekané
mung arep ngrusak tanahé wong Israèl,
6 mangka umat kuwi ora bisa nyegah
penggawéné mungsuh-mungsuh mau.
7 Umat Israèl banjur padha sesambat
nyuwun tulung marang Pangéran,
supaya diluwari saka tangané wong
Midian.
8 Pangéran banjur ngutus nabi
menyang umat Israèl. Nabi mau kandha
mengkéné, "Pangéran, Allahé Israèl,
ngandika, ‘Kowé wis Dakluwari saka
enggonmu dadi batur-tukon ing tanah
Mesir.

9 Kowé wis padha Dakslametaké
saka tangané wong Mesir lan saka
bangsa-bangsa ing tanah kéné sing
mungsuhi kowé. Bangsa-bangsa mau
Daklungakaké saka kéné nalika kowé
padha nyerang dhèwèké, sarta tanahé
Dakparingaké marang kowé.
10 Aku wis ngandika marang kowé,
yèn Aku iki Allahmu, lan kowé ora
kena nyembah brahala-brahalané
wong Amori, sing tanahé kokenggoni.
Nanging kowé padha ora ngèstokaké
dhawuh-Ku.’"
11 Ing sawijining dina Malaékaté
Pangéran rawuh ing désa Ofra, banjur
lenggah ing sangisoring wit terpentin,
duwèké Yoas, turun-Abièzèr. Anaké Yoas,
sing jeneng Gidéon, lagi nggiling gandum
ing panggonan sing sabené kanggo
meres anggur. Enggoné nyambut-gawé
mau diréwangi ndhelik-ndhelik, supaya
aja konangan wong Midian.
12 Malaékaté Pangéran banjur marani
Gidéon karo ngandika mengkéné, "Hé
wong gagah prakosa! Allah nunggil karo
kowé!"
13 "Gusti," aturé Gidéon, "Keparenga
kula nyuwun pirsa. Menawi leres

mekaten, bilih Allah nunggil kaliyan
kula, kénging menapa kula sami kedah
nglampahi sisah kados mekaten?
Kénging menapa samenika Allah mboten
naté ngawontenaken kaélokan-kaélokan,
kados ingkang dipun cariyosaken déning
para leluhur, kados enggènipun Allah
ngluwari para leluhur wau saking tanah
Mesir? Samenika Allah sampun nilar
kula sedaya, sarta négakaken kula sami
dipun jajah déning tiyang Midian."
14 Pangéran banjur ngandika marang
Gidéon, "Kowé ngetoga karosanmu;
wong Israèl luwarana saka pangwasané
wong Midian. Aku kang ngutus kowé."
15 Aturé Gidéon, "Kénging menapa
kawula, Gusti? Mokal menawi kawula
saged ngluwari umat Israèl saking
pangwaosipun tiyang Midian. Saking
antawisipun taler Manasyè, kulawarga
kawula menika ingkang sèkèng
piyambak. Lan ing antawisipun
kulawarga kawula, kawula menika
ingkang anèm piyambak."
16 Pangandikané Pangéran, "Kowé
mesthi bisa. Merga Aku sing bakal
nulungi kowé. Wong-wong Midian bakal

gampang koktumpes presasat kowé
mung nglawan wong siji thil."
17 Wangsulané Gidéon, "Menawi kawula
menika èstu angsal sih ing ngarsanipun
Pangéran, sumangga kawula aturi
maringi pretandha, bilih èstu Allah
piyambak ingkang ngandika mekaten
dhateng kawula.
18 Kersaa Paduka nengga sauntawis
wonten ngriki, ngantos rampung enggèn
kawula nyawisaken pasugatan kagem
Paduka." Pangandikané Pangéran,
"Iya becik, Dakentèni ing kéné nganti
sarampungmu."
19 Gidéon banjur mulih, nyembelèh
wedhus nom, sarta njupuk gandum
sepuluh kilogram, digawé roti tanpa
ragi. Dagingé diwadhahi ing wakul,
déné duduhé diwadhahi ing kuwali.
Kabèh mau digawa, diladèkaké marang
Malaékaté Pangéran, sing isih ngentèni
ana ing sangisoré wit terpentin[e] mau.
20 Malaékat mau ngandika, "Daging lan
roti kuwi sèlèhna ing watu kéné, banjur
duduhé daging esokna ing ndhuwuré."
Gidéon nglakoni apa sing didhawuhaké.

---

[e]wit terpentin: wit pinus.

21 Malaékaté Pangéran mau nuli ngasta
teken, pucuké dienggo ndumuk daging
lan roti. Watu mau murub lan ngobong
daging lan rotiné nganti entèk kabèh.
Malaékat mau banjur ngilang.
22 Gidéon saiki ngerti, yèn sing rawuh
mau Malaékaté Pangéran piyambak,
mulané wedi banget lan ngucap, "Dhuh
Pangéran, Allah kawula. Temtu kawula
badhé pejah! Mergi kawula sampun
aben-ajeng kaliyan Malaékat Paduka!"
23 Nanging Pangéran ngandika, "Sing
tentrem atimu! Aja wedi. Kowé ora bakal
mati."
24 Gidéon banjur yasa mesbèh lan
dijenengaké: "Allah iku Sumbering
Katentreman." Mesbèh mau isih ana ing
Ofra, yakuwi désané wong Abièzèr.
25 Benginé Gusti Allah paring dhawuh
marang Gidéon mengkéné, "Njupuka
sapi lanang, sing umur pitung taun,
duwèké bapakmu. Mesbèh sing didegaké
bapakmu kanggo Baal kaé gempuren,
lan cagak kayu sing ana ing sandhingé,
sing mrelambangaké Dèwi Asyéra,
kethoken.
26 Gawéa mesbèh ing sandhuwuré
gempuran mesbèh mau; mesbèh anyar

kuwi tatanen sing becik. Sapi lanang
mau sawutuhé saosna dadi kurban
obongan konjuk marang Allah. Kayu
sing mrelambangi Dèwi Asyéra, sing
kokkethok mau enggonen ngobong
kurban kuwi."
27 Gidéon banjur ngajak réwangé
wong sepuluh, nindakaké apa sing
didhawuhaké déning Pangéran mau.
Sarèhné wedi karo brayaté lan karo
wong-wong ing désané, Gidéon ora wani
tumindak ing wayah awan. Dadi enggoné
nindakaké bengi.
28 Ésuké, nalika wong-wong tangi,
padha weruh yèn mesbèhé Baal lan
cagak sing mrelambangaké Dèwi Asyéra
wis rubuh. Uga padha weruh yèn ing
panggonan kono wis didegi mesbèh
anyar, malah wis dienggo saos kurban
obongan sapi lanang.
29 Wong-wong padha takon-tinakon,
"Sapa sing duwé pokal mengkéné
iki?" Bareng dilacak ketemu, yèn sing
nindakaké mau Gidéon, anaké Yoas.
30 Wong-wong mau banjur kandha karo
Yoas, "Anakmu sing ngrusak mesbèhé
Baal lan ngrubuhaké cagak prelambangé
Dèwi Asyéra ing sisihé mesbèh. Mulané

anakmu gawanen mréné, arep diukum
pati!"
31 Nanging Yoas mangsuli marang
wong-wong mau, pangucapé, "Apa kowé
padha mihak marang Baal? Apa Baal
arep kokbélani? Sapa sing mihak marang
Baal bakal dipatèni dina iki uga! Yèn
Baal kuwi nyata Allah, mbok bèn mbéla
awaké dhéwé, sebab sing dirusak kuwi
mesbèhé."
32 Sarèhné Yoas kandha, "Karebèn Baal
ngukum Gidéon, sing ngrusak mesbèhé
Baal," mulané wiwit dina kuwi Gidéon
diparabi ‘Yerubaal’.[f]
33 Nalika semono wong Midian, wong
Amalèk lan bangsa-bangsa ing ara-ara
samun sawétané Kali Yardèn wis padha
nglumpuk. Bangsa-bangsa mau padha
masang kémah ing sabrangé Kali Yardèn,
ana ing Lembah Yésreèl.
34 Nanging Gidéon kaparingan Rohé
Pangéran, mulané banjur ngunèkaké
slomprèt ngundang wong-wong turun
Abièzèr supaya padha teka mèlu Gidéon.
35 Kejaba saka kuwi Gidéon nyebar
utusan menyang klompok Asyèr, Zébulon

---

[f] Yerubaal: tembung Ibrani, tegesipun: karebèn diadili Baal.

lan Naftali sarta Manasyè, sing ana
ing sisih Wétan lan ing sisih Kulon Kali
Yardèn. Wong-wong mau uga banjur
padha teka, mèlu Gidéon.
36 Gidéon matur ing ngarsané Allah,
"Gusti, Paduka sampun ngandika bilih
kawula kadhawuhan milujengaken
bangsa Israèl.
37 Samenika, ing siti ingkang limrahipun
kawula enggé nggiling gandum, kawula
sukani wulu ménda gèmbèl. Menawi
mbénjing-énjing wulunipun ménda wau
teles déning bun, mangka sitinipun
mboten teles, menika dadosa tandha,
bilih Paduka ngersakaken supados
kawula nulungi Israèl."
38 Banjur kelakon kaya mengkono:
Nalika Gidéon ésuké tangi lan meres
wuluné wedhus, bun sing diklumpukaké
olèh semangkok.
39 Gidéon banjur matur marang Allah,
"Gusti, mugi sampun duka. Keparenga
kawula nyobi sepisan malih. Nanging
samenika kersanipun wuluning ménda
ingkang garing, lan sitinipun kémawon
ingkang teles."
40 Ing wayah bengi iku Gusti Allah
ngleksanani apa sing disuwun déning

Gidéon, mulané wuluné wedhus mau tetep garing, nanging lemahé teles déning bun.

7 1 Ing sawijining dina Gidéon karo balané padha tangi gasik, banjur padha pasang kémah ing sacedhaké sumber Harod. Palèrènané wong Midian ana ing lebak Gunung Moré, saloré palèrènané Gidéon.

2 Gusti Allah ngandika marang Gidéon mengkéné, "Tentaramu kakèhen. Mulané yèn perang karo wong Midian ora bakal Dakparingi kemenangan, supaya aja ana wong duwé pengira yèn enggoné menang kuwi merga saka kekuwatané dhéwé, temah ora saos panuwun marang Aku.

3 Mulané gawéa pengumuman marang balamu, ‘Sapa sing wedi, lungaa saka Gunung Giléad kéné, muliha ing omahmu.’" Wong rong puluh èwu banjur padha mulih, kekarèné isih ana sepuluh èwu.

4 Gusti Allah banjur ngandika menèh marang Gidéon, "Tentaramu isih kakèhen. Mulané gawanen menyang sendhang. Ana ing kana Aku bakal milih wong-wong sing dadi balamu. Endi sing

Dakpilih, kuwi sing kudu mangkat karo
kowé. Sing ora Dakpilih, ora kena mèlu."
5 Gidéon banjur ngirid wong-wong mau
menyang sendhang. Gusti Allah banjur
ngandika, "Endi wong sing enggoné
ngombé kaya patrapé asu, kuwi pisahen
karo wong sing enggoné ngombé saka
ing tangané."
6 Kabèh ana wong telung atus sing
enggoné ngombé karo jèngkèng,
nyawuk banyu dicedhakaké ing
cangkemé. Liya-liyané enggoné ngombé
ngokop.
7 Gusti Allah banjur ngandika marang
Gidéon, "Wong telung atus sing padha
ngombé saka ing tangané kuwi sing
arep Dakagem ngluwari umat Israèl
lan nelukaké wong Midian. Wong-wong
liyané konen mulih."
8 Gidéon banjur akon wong Israèl padha
mulih, kejaba wong telung atus mau.
Déné pangan sanguné lan slomprèt-
slomprèt dikon ninggal. Panggonané
lèrèn wong Midian kuwi ana ing lebak,
sangisoré panggonané lèrèn wong Israèl.
9 Bengïné Gusti Allah ngandika marang
Gidéon, "Tangia, Gidéon! Panggonané

lèrèn wong Midian serbunen. Kowé bakal menang.
10 Nanging yèn kowé ora wani dhèwèkan, ngajaka Pura, réwangmu, ajaken menyang penginepané mungsuhmu.
11 Kowé bakal krungu apa sing dirembug déning mungsuhmu, lan bakal dadi kendel, nganti wani nyerang." Gidéon banjur mangkat, ngajak Pura, nyedhaki penginepané mungsuhé.
12 Wong Midian, Amalèk lan wong-wong saka ara-ara samun manggoné pating plencar ing lebak kono, katoné kaya walang sing padha ngrompol. Untané akèh banget, presasat pasir ing pinggiring segara.
13 Nalika Gidéon tekan ing kana krungu ana wong lanang nyritakaké impèné marang kancané, tembungé, "Aku ngimpi ana roti jewawut sekepel ngglundhung mlebu ing palèrènan kita kéné, nrejang salah sawijining kémah. Kémah mau rubuh nganti rata karo lemah."
14 Wangsulané kancané, "Wah, kuwi ora liya pedhangé Gidéon, anaké Yoas, wong Israèl kaé! Kuwi ateges yèn Gusti Allah

wis paring kemenangan marang umat
Israèl, lan bakal ngalahaké wong Midian
satentarané pisan."
15 Bareng krungu impèn sing dicritakaké
mau lan apa tegesé, Gidéon banjur
nyembah sujud marang Allah. Satekané
ing papan palèrènané bala Israèl, Gidéon
banjur awèh aba, "Padha siapa! Allah wis
ngulungaké wong Midian lan tentarané
ana ing tangan kita!"
16 Gidéon banjur ngedum balané
telung atus mau dadi telu. Saben wong
diwènèhi slomprèt lan guci kothong isi
obor.
17 Pangucapé Gidéon, "Yèn aku wis
tekan panggonané wong Midian, kowé
ngawasna apa sing daktindakaké, lan
kuwi tirunen.
18 Yèn aku lan reguku ngunèkaké
slomprèt, kowé iya ngunèkna
slomprètmu, lan padha kandhaa,
'Kagem Allah lan Gidéon.'"
19 Ngarepaké tengah wengi, Gidéon
lan balané tekan panggonané mungsuh.
Tentara sing jaga lagi waé giliran. Gidéon
lan reguné banjur ngunèkaké slomprèté
lan mecah guci-guciné.

20 Regu loro liyané iya nindakaké
mengkono. Balané Gidéon kabèh
tanganè kiwa nyekel obor, lan tanganè
tengen nyekel slomprèt, karo kandha,
"Pedhangé Allah lan Gidéon!"
21 Balané Gidéon mau padha tetep
ngadeg ngubengi palèrènané wong
Midian mau. Tentarané mungsuh banjur
padha mlayu karo bengok-bengok.
22 Nalika Gidéon lan balané padha
ngunèkaké slomprèt, Allah gawé
bingungé tentarané mungsuh, mula
padha perang dhéwé, sing siji nglawan
sijiné nganggo pedhang, banjur padha
mlayu nganti tekan Bèt-Sita lan kutha
Abèl-Mehola, sacedhaké Tabat.
23 Taler Naftali, Asyèr lan Manasyè
Wétan kali lan Manasyè Kulon kali uga
ditekakaké. Wong-wong mau banjur
ngoyak wong Midian.
24 Kejaba kuwi Gidéon iya ngundang
wong Éfraim kabèh, sing manggon ing
pegunungan, "Mrénéa, mèlua nyerang
wong Midian. Cegaten kabèh ing
sabranganè Kali Yardèn tekan Bèt-Bara.
Wong Midian aja olèh nyabrang."
Wong-wong Éfraim sing ditekakaké
banjur padha ngadhang ing sabrangan-

sabrangané Kali Yardèn nganti tekan
Bèt-Bara.
25 Pemimpiné bangsa Midian loro,
yakuwi Orèb lan Zeèb kecekel wong
Éfraim. Orèb dipatèni ing Watu Orèb,
lan Zeèb dipatèni ing pamipitan anggur
Zeèb. Wong-wong Éfraim mau terus
ngoyak wong Midian, banjur masrahaké
sirahé Orèb lan Zeèb marang Gidéon ana
ing sabrangané Kali Yardèn sisih Wétan.

8 1 Wong Éfraim padha nggrundeli
Gidéon, pangucapé, "Yagéné aku
kokora kokajak nalika kowé nglurug
merangi wong Midian? Apa sebabé
aku padha koksepèlèkaké?" Mengkono
panggrundelé wong-wong mau, marang
Gidéon.
2 Nanging Gidéon mangsuli,
"Penggawéku iki ora sepira ajiné
yèn ditandhing karo jasamu. Kowé
rumangsa yèn sing koktindakaké
kuwi mung sethithik, éwasemono sing
sethithik mau waé ajiné ngungkuli
samubarang kabèh sing ditindakaké
déning balaku, saka turuné talermu.
3 Rak kowé ta sing diparengaké déning
Allah matèni Orèb lan Zeèb, tokoh Midian
loro kuwi? Yèn ditandhing karo kuwi,

penggawéku iki dudu apa-apa." Sawisé Gidéon muni mengkono, wong-wong Éfraim padha lega atiné.
4 Nalika semono Gidéon lan balané telung atus wis tekan sabrangé Kali Yardèn. Satemené wis padha kesel banget, éwasemono isih nerusaké enggoné ngoyak mungsuh.
5 Bareng lakuné tekan Sukot, Gidéon kandha karo penduduk ing kono, "Aku njaluk tulung, wong-wongku wènèhana mangan sethithik, merga wis padha kesel lan luwé, mangka isih kudu ngoyak Zébah lan Salmuna, raja-rajané wong Midian."
6 Para pemimpiné kutha Sukot mangsuli, "Lho, Zébah lan Salmuna rak durung kecekel, yagéné kowé wis njaluk mangan! Apa gunané balamu diwènèhi mangan?"
7 Pangucapé Gidéon, "Ya wis! Yèn mengko Allah maringi kemenangan lan aku bisa nyekel Zébah lan Salmuna, titènana, kowé bakal padha dakgebugi nganggo pang kebak eri saka ara-ara samun!"
8 Gidéon banjur nerusaké lakuné nganti tekan Pnuèl. Ana ing kana Gidéon

iya njalukaké pangan kanggo balané.
Nanging wong Pnuèl padha mangsuli
kaya wangsulané wong Sukot.
9 Mulané Gidéon iya muni, "Titènana,
yèn aku mengko bali kanthi slamet,
menarané kuthamu iki bakal
dakrubuhaké!"
10 Nalika semono Zébah lan Salmuna
karo balané kabèh lagi lèrèn ing Karkor.
Tentara sing asalé saka wong ara-ara
samun isih, kari wong limalas èwu. Sing
satus rong puluh èwu wis mati.
11 Lakuné Gidéon urut tapel watesé
ara-ara samun, ing sisih Wétané Nobah
lan Yogbéha, saka kono banjur nyerang
tanpa dinyana-nyana déning mungsuhé.
12 Zébah lan Salmuna, sekaroné raja
Midian, mlayu, nanging dioyak déning
Gidéon lan kecekel, nganti tentarané
buyar kabèh merga saka wediné.
13 Sabaliné saka peprangan Gidéon
metu dalan sing ngliwati unggah-
unggahan Hèrès.
14 Ana ing kono nyekel nonoman saka
Sukot. Nonoman mau ditakoni, para
pemimpin ing Sukot kuwi jenengé sapa
waé. Jeneng-jeneng mau banjur ditulis
déning nonoman mau, diwènèhaké

marang Gidéon, kabèh cacahé pitung
puluh pitu.
15 Sawisé mengkono Gidéon banjur
marani para pemimpin mau, pangucapé,
"Delengen, iki Zébah lan Salmuna.
Mesthiné isih padha kèlingan, nalika
kowé ora gelem nulungi aku, alasanmu
merga aku durung nyekel Zébah lan
Salmuna. Rak iya ta? Kowé ora gelem
awèh mangan marang balaku, mangka
nalika semono wis padha kesel banget."
16 Sawisé mengkono Gidéon banjur
njupuk pang sing kebak eri saka ara-ara
samun, dienggo ngajar para pemimpiné
kutha Sukot.
17 Ing Pnuèl Gidéon ngrubuhaké
menarané kutha lan matèni kabèh wong
lanang sing ana ing kutha kono.
18 Sawisé mengkono Gidéon banjur
nakoni Zébah lan Salmuna, "Wong-
wong sing kokpatèni ing Tabor mau
rupané kaya apa?" Wangsulané
Zébah lan Salmuna, "Rupinipun kados
panjenengan, èmperipun kados golongan
ningrat."
19 Pangucapé Gidéon, "Kuwi sedulur-
sedulurku, saka ibuku. Saupama kowé

ora matèni wong-wong mau, mesthi
kowé iya ora dakpatèni."
20 Gidéon banjur préntah marang
Yètèr, anaké mbarep, "Wis, patènana!"
Nanging Yètèr kuwi wong nom, dadi ora
wani ngunus pedhangé kanggo matèni.
21 Pangucapé Zébah lan Salmuna
marang Gidéon, "Mugi panjenengan
piyambak kémawon ingkang mejahi
kula. Mekaten wajibipun satriya!" Gidéon
banjur tumandang matèni raja loro mau,
sarta njupuki rerenggan-rerenggan sing
ana ing guluné untané.
22 Sawisé mengkono umat Israèl
matur marang Gidéon mengkéné,
"Panjenengan sampun ngluwari kula
sedaya saking penjajahanipun tiyang
Midian. Mila panjenengan kula aturi
dados pemimpin kula, panjenengan lan
anak-turun panjenengan."
23 Wangsulané Gidéon, "Ora. Dudu aku
sing bakal ngratoni kowé, lan iya dudu
anak-anakku. Pangéran piyambak sing
jumeneng dadi ratumu."
24 Nanging sawisé mengkono Gidéon
kandha, "Mung saprekara sing dakjaluk,
anting-anting saka olèhmu ngrayah
kuwi pasrahna marang aku." (Wong

Midian kuwi lumrahé padha nganggo anting-anting mas, kaya wong-wong liyané sing padha manggon ing ara-ara samun.)

25 Wangsulané wong-wong mau, "Inggih, kanthi éklasing manah barang wau badhé kula caosaken dhateng panjenengan." Banjur padha nggelar mori, lan saben wong nyèlèhaké anting-anting sing dirampas saka mungsuhé.

26 Boboté anting-anting emas sing dipasrahaké marang Gidéon nalika semono mèh sepuluh kilogram, durung klebu liya-liyané, kayata kalung, kain wungu, agemané raja-raja ing Midian, sarta kalung sing digandhulaké ana ing guluné unta-untané.

27 Emas mau ditanjakaké Gidéon digawé éfod,[g] sing banjur dipasang ana ing désané, yakuwi ing Ofra. Wong Israèl kabèh padha mrana nyembah brahala mau, temah padha ora ngabekti menèh marang Pangéran, Allahé. Prekara kuwi

---

[g] éfod: basa Ibrani, kados oto, dipun enggé ing dhadhanipun imam, dipun sukani séla Urim lan Tumim, kanggé neges kersanipun Allah.

dadi memala kanggoné Gidéon lan kulawargané.
28 Sawisé ditelukaké déning wong Israèl, wong Midian wis ora bisa apa-apa. Sanegara kabèh dadi tentrem suwéné nganti patang puluh taun, yakuwi sajroné Gidéon isih urip.
29 Bareng perangé karo wong Midian wis rampung, Gidéon banjur mulih menyang désané lan manggon ing kono.
30 Anaké lanang Gidéon cacahé pitung puluh, merga bojoné akèh.
31 Kejaba kuwi isih duwé selir ing Sikèm. Seliré mau duwé anak lanang siji jenengé Abimèlèh.
32 Sawisé umuré akèh, Gidéon, anaké Yoas, tinggal-donya. Gidéon dikubur ing kuburané Yoas, bapakné. Kuburan mau dunungé ing Ofra, yakuwi désané turun-Abièzèr.
33 Sawisé Gidéon tinggal-donya, wong Israèl lèrèn enggoné ngabekti marang Allah. Malah padha nyembah déwa-déwané Baal, lan nganggep Baalberit kuwi allahé.
34 Wis padha ora ngabekti marang Pangéran, Allahé, sing ngluwari bangsa mau saka ing pangwasané

mungsuh-mungsuhé sing ana ing
kiwa-tengené.
35 Umat Israèl iya ora ngélingi
kulawargané Gidéon sing jasané semono
gedhéné marang umat Israèl.
9 1 Ing sawijining dina Abimèlèh,
anaké Gidéon, tilik menyang Sikèm,
panggonané kulawargané ibuné; banjur
kandha karo sedulur-seduluré saka
ibuné,
2 "Coba takona marang penduduk
Sikèm kabèh, endi sing becik, dierèh
déning anaké Gidéon, yakuwi wong
pitung puluh, apa dierèh déning wong
siji? Élinga yèn aku iki isih keprenah
sedulur karo dhèwèké."
3 Para seduluré Abimèlèh sing saka
ibuné mau banjur mider-mider nggawa
kabaré Abimèlèh mau. Penduduk Sikèm
kabèh banjur mutus mèlu Abimèlèh,
merga penganggepé Abimèlèh kuwi isih
keprenah seduluré.
4 Sawisé mengkono banjur padha
masrahaké marang Abimèlèh dhuwit
slaka pitung puluh, sing dijupukaké saka
ing candhiné Baalberit. Dhuwit mau
ditanjakaké déning Abimèlèh kanggo

ngopèni grombolané wong ala, supaya
mbiyantu dhèwèkné.
5 Abimèlèh banjur bali menyang désané
bapakné, yakuwi Ofra. Ana ing kana
Abimèlèh matèni anaké Gidéon, wong
pitung puluh, nganggo landhesan watu
siji. Nanging Yotam, anaké Gidéon sing
ragil, ora katut dipatèni, jalaran ndhelik.
6 Penduduk Sikèm lan Bètmilda
banjur nglumpuk sarta lunga menyang
panggonané sing ana wité terpentin,
sing dianggep suci déning wong Sikèm.
Ana ing kana Abimèlèh diangkat dadi
raja.
7 Bareng krungu sing mengkono, Yotam
banjur lunga ngadeg ing pucaké Gunung
Gérizim, sarta kandha karo wong-wong
sing padha nglumpuk mau, pangucapé,
"Hé wong Sikèm. Rungokna tembungku,
supaya Gusti Allah uga miyarsakaké
marang kowé!
8 Ing sawijining dina wit-wit padha
mutusaké golèk wit sing gelem dadi
rajané. Mulané banjur kandha karo wit
zaitun, ‘Kowé dadia rajaku!’
9 Wangsulané wit zaitun, ‘Ah, aku
emoh. Sebab yèn aku dadi rajamu, aku

kudu lèrèn metokaké lenga sing dienggo
ngurmati déwa-déwa lan manungsa.’
10 Wit-wit mau banjur nekani wit ara,
tembungé, ‘Dadia rajaku.’
11 Nanging wit ara mau mangsuli, ‘Aku
emoh, sebab yèn aku dadi rajamu, aku
kudu lèrèn saka enggonku metokaké
woh ara sing rasané legi kuwi.’
12 Sawisé mengkono wit-wit mau banjur
marani wit anggur, ‘Kowé dadia rajaku.’
13 Nanging wit anggur mau mangsuli,
‘Lho, apa aku kudu lèrèn metokaké woh
anggur sing gawé senengé atiné para
déwa lan manungsa, mung supaya dadi
rajamu waé!’
14 Mulané wit-wit banjur nekani eri
bandhil, tembungé, ‘Kowé waé sing dadi
rajaku!’
15 Wangsulané eri bandhil mau,
‘Yèn temenan kowé arep ndadèkaké
aku rajamu, padha ngéyuba ana
ing ngisorku. Yèn kowé ora gelem,
pang-pangku sing kebak eri iki bakal
metokaké geni, sing bisa ngobong wit
araz ing Libanon kabèh!’"
16 Pangucapé Yotam saterusé, "Apa
enggonmu ngangkat Abimèlèh dadi
rajamu kuwi klawan éklasing ati?

Apa tumindakmu marang bapakku,
Gidéon, wis patut, semono uga marang
kulawargané? apa kowé wis ngélingi
marang jasané bapakku,
17 sing wis berjuang mati-matian
kanggo kowé? Élinga, yèn bapakku wis
ngetohaké nyawané kanggo ngluwari
kowé saka pangwasané wong-wong
Midian.
18 Nanging ing dina iki kowé wis nglawan
kulawargané bapakku. Anak-anaké wis
kokpatèni kabèh, wong pitung puluh,
nganggo landhesan watu siji. Abimèlèh
kuwi anaké bapakku sing lair saka
abdiné. Éwasemono kokangkat dadi raja
ing Sikèm, merga isih prenah sedulur
karo kowé.
19 Yèn tumindakmu marang bapakku
lan kulawargané saiki iki pancèn metu
saka éklasé atimu, ya wis, padha
seneng-senenga karo Abimèlèh, lan
karebèn Abimèlèh seneng-seneng karo
kowé.
20 Nanging yèn ora kaya mengkono,
karebèn Abimèlèh ngetokaké geni sing
ngobong ludhes penduduk Sikèm lan
Bètmilo. Lan karebèn penduduk Sikèm

lan Bètmilo uga ngetokaké geni sing
nyirnakaké Abimèlèh."
21 Sawisé mengkono Yotam banjur
mlayu ngungsi menyang kutha Beèr,
merga saka wediné marang Abimèlèh,
sing isih keprenah seduluré.
22 Abimèlèh dadi raja ing Israèl lawasé
telung taun.
23 Gusti Allah banjur ndadèkaké
sesatron ing antarané Abimèlèh lan
wong Sikèm, mula wong-wong mau
padha brontak.
24 Kuwi kanggo males marang pialané
Abimèlèh lan wong Sikèm, sing padha
ngojok-ojoki Abimèlèh supaya matèni
anak-anaké Gidéon, sing cacahé pitung
puluh.
25 Wong-wong Sikèm padha mapanaké
wong sing ndhelik ing pucak-pucaké
gunung, dikon nyekel Abimèlèh. Saben
wong sing liwat ing kono dirampog.
Kedadéan mau dilapuraké marang
Abimèlèh.
26 Ing wektu kuwi Gaal, anaké Èbèd
teka, bebarengan karo sedulur-seduluré,
arep manggon ing Sikèm. Wong-wong
Sikèm padha ngandel marang Gaal.

27 Wong-wong Sikèm mau padha
ngundhuh woh anggur, sawisé diperes,
banjur nganakaké pésta; padha mangan
lan ngombé ing candhiné déwa-déwané
karo ngunèk-unèkaké Abimèlèh.
28 Pangucapé Gaal, "Abimèlèh kuwi
sapa, lan kita wong-wong Sikèm kuwi
sapa? Apa dudu anaké Gidéon? Apa
Gidéon lan Zebul, wakilé, sejatiné dudu
baturé Hémor, bapakné Sikèm? Mulané
yagéné kita kudu ngawula marang
dhèwèké?
29 Saupama aku sing dadi pemimpiné
wong Sikèm kéné, mesthi wis
daktundhung! Mesthi aku kandha karo
dhèwèké, ‘Ayo, majua, tokna kabèh
tentaramu, ayo metu perang karo aku!’"
30 Zebul, patihé kutha Sikèm kono,
krungu tembungé Gaal sing mengkono
mau, nepsu banget.
31 Mulané banjur kongkonan wong
nemoni Abimèlèh ing Aruma, nggawa
kabar mengkéné, "Gaal, anakipun
Èbèd, sesarengan kaliyan sedhèrèk-
sedhèrèkipun dhateng ing Sikèm sarta
ngojok-ojoki tiyang-tiyang kapurih
brontak dhateng panjenengan.

32 Pramila panjenengan lan tiyang-
tiyang panjenengan dalu menika kula
aturi sami ndhelik ing pategilan.
33 Mbénjing-énjing, menawi surya
sampun mlethèk kersaa nyerbu ing
kitha kanthi dadakan. Lan menawi Gaal
kaliyan tiyang-tiyangipun nyerang lan
medal saking kitha, menika wekdal
ingkang saé kagem panjenengan kanggé
nyerang piyambakipun!"
34 Abimèlèh lan balané bengi kuwi
mangkat. Bareng wis cedhak ing kutha
padha mencar dadi papat, banjur padha
ndhelik ing sanjabané kutha Sikèm.
35 Bareng Gaal katon arep metu saka
kutha lan ngadeg ana ing gapura,
Abimèlèh sabalané banjur metu saka
pandhelikané.
36 Gaal weruh wong-wong mau, banjur
kandha karo Zebul, "Delengen, ana wong
akèh padha medhun saka gunung mlaku
mréné!" Wangsulané Zebul, "O, kuwi
dudu wong, nanging ayang-ayangané
gunung."
37 Nanging Gaal kandha menèh:
"Delengen, ana wong akèh padha
medhun saka gunung lan ana wong

saklompok sing mréné liwat sangisoré
wit terpentin pameca!"
38 Zebul banjur kandha marang
Gaal, pengarepé, "Ana ngendi saiki
cangkemmu sing muni, ‘Abimèlèh kuwi
sapa? Lha iki wong-wongé sing biyèn
kokrèmèhaké kaé. Wis, majua saiki,
serangen wong-wong kuwi!’"
39 Gaal banjur metu karo wong-wong
Sikèm, perang nglawan Abimèlèh.
40 Nanging Gaal bareng diserbu déning
Abimèlèh, keplayu. Wong-wong sing
padha mati padha glimpangan nganti
tekan ngarepé gapuraning kutha.
41 Abimèlèh banjur mulih menyang
Aruma, lan Zebul nundhung Gaal
saseduluré, dikon metu saka Sikèm, ora
kena manggon ing kono.
42 Ésuké wong-wong Sikèm padha metu
saka kutha arep menyang pategalané;
mangka ana wong sing nglapuraké
marang Abimèlèh.
43 Abimèlèh banjur nglumpukaké
balané, diedum dadi telung klompok
lan dikon ndhelik ana ing pategalan
karo jaga-jaga. Bareng weruh penduduk
padha mlaku ngener ing pategalan,
balané Abimèlèh banjur metu saka

pandhelikané, matèni wong-wong Sikèm
mau.
44 Abimèlèh dhéwé lan pasukané
nuli énggal-énggal maju mlebu ing
gapuraning kutha, déné pasukan loro
liyané ngoyak lan matèni wong-wong
sing padha mlayu menyang pategalan.
45 Abimèlèh nyerang terus sedina muput
lan ngrebut kutha mau; wong-wong
sing manggon ing kutha kono dipatèni;
kuthané digempur lan disawuri uyah.
46 Bareng wong-wong sing isih ana ing
njero kutha padha krungu bab mau,
banjur padha mlebu ing guwa sing ana
ing sangisoré candhiné Èlberit.
47 Nanging ana wong sing kandha karo
Abimèlèh, yèn wong-wong Sikèm padha
nglumpuk ing njero guwa.
48 Mulané Abimèlèh sabalané banjur
padha menyang Gunung Zalmon.
Abimèlèh nuli njupuk wadung lan
ngethoki pang-pangé wit. Pang-pang
mau banjur dipangguli. Para balané
dipréntah niru apa sing ditindakaké mau.
49 Wong-wongé iya banjur ngethoki
panging wit-witan, kaya sing ditindakaké
déning Abimèlèh. Pang-pang mau
ditumpuk ing cangkemé guwané candhi,

banjur diobong. Mulané wong Sikèm
sing ana ing njero guwa mau padha
mati kabèh, cacahé kira-kira wong sèwu,
lanang wadon.
50 Sawisé mengkono Abimèlèh banjur
lunga menyang Tèbès. Kutha kuwi
banjur dikepung lan direbut.
51 Ing satengahé kutha kono ana
menarané. Wong kabèh banjur padha
mlayu mrono; sawisé padha mlebu,
lawangé menara nuli dikancing saka
njero, banjur padha munggah.
52 Abimèlèh teka lan nyerang menara
mau. Bareng tekan lawanging menara
lan arep ngobong lawang mau,
53 dumadakan ana wong wadon
nibakaké watu gilingan ngenani sirahé
Abimèlèh, nganti tatu.
54 Abimèlèh énggal-énggal akon marang
nonoman sing nggawakaké gegamané,
"Pedhangmu unusen, aku patènana. Aku
emoh diwartakaké mati déning tangané
wong wadon." Pemuda mau banjur
nyuduk Abimèlèh nganti mati.
55 Bareng weruh Abimèlèh wis mati
wong Israèl banjur padha mulih.
56 Kaya mengkono caranè Gusti Allah
males marang Abimèlèh, merga piala

sing ditindakaké marang bapakné, nalika
matèni sedulur-seduluré pitung puluh.
57 Mengkono uga Gusti Allah ngukum
marang wong Sikèm merga pialané.
Kuwi cocog karo sing dikandhakaké
déning Yotam, anaké Gidéon, nalika
ngipat-ipati Abimèlèh lan wong-wong
Sikèm.
10 1 Sawisé Abimèlèh tinggal-donya,
Tola anaké Puah, nggentèni dadi
pemimpin, sing ngluwari bangsa Israèl.
Tola kuwi putrané Dodo, saka taler
Isakar. Manggoné ing Samir, ing daérah
pegunungan Éfraim.
2 Enggoné mimpin bangsa Israèl
telulikur taun, banjur tinggal-donya lan
dikubur ing Samir.
3 Sawisé Tola, bangsa Israèl dipimpin
déning Yair, lawasé rong puluh taun. Yair
kuwi asalé saka Giléad.
4 Anaké lanang ana telung puluh. Padha
duwé kuldi tunggangan lan désa telung
puluh ing daérah Giléad. Désa-désa mau
disebut désa-désané Yair.
5 Yair tinggal-donya lan dikubur ing
Kamon.
6 Umat Israèl gawé dosa menèh marang
Pangéran; padha ora maèlu marang

Allah lan wis ora nyembah marang
Panjenengané. Sing disembah-sembah
yakuwi déwa-déwa Baal lan Astorèt,
sarta déwa-déwané bangsa Siria, Sidon,
Moab, Amon lan Filistia.
7 Mulané Gusti Allah duka marang umat
Israèl, temah bangsa Israèl ditégakaké,
dijajah déning bangsa Filistin lan bangsa
Amon.
8 Wolulas taun lawasé bangsa-bangsa
mau nindhes wong Israèl sing manggon
ing tanah Giléad. Yakuwi daérahé
wong Amori, sawétané Kali Yardèn.
Wong Israèl sing ana ing kono padha
disiya-siya.
9 Wong Amon malah padha nyabrang
Kali Yardèn lan merangi taler Yéhuda,
Bènyamin lan Éfraim nganti uripé wong
Israèl mau sangsara banget.
10 Umat Israèl banjur padha sesambat
marang Allah, aturé, "Kawula sampun
sami damel dosa ing ngarsa Paduka,
margi mboten maèlu dhateng Pangéran,
Allah kawula, malah sami nyembah
dhateng déwa-déwanipun Baal."
11 Gusti Allah paring wangsulan
mengkéné, "Biyèn kowé padha dijajah
déning bangsa Mesir, bangsa Amori,

Amon, Filistin, Sidon, Amalèk lan bangsa Maon. Kowé banjur padha sesambat nyuwun pitulungan marang Aku. Apa Aku ora banjur mitulungi lan kowé Dakluwari saka pangwasané bangsa-bangsa mau?
12 (10:11)
13 Éwasemono kowé isih terus ninggal Aku lan nyembah marang déwa-déwa. Mulané saiki Aku ora bakal ngluwari kowé.
14 Njaluka tulung waé karo déwa-déwa sing kokpilih dhéwé kuwi. Samasa kowé nemu karubedan, padha sesambata, supaya teka mitulungi kowé."
15 Nanging umat Israèl mau matur menèh ing ngarsané Pangéran, "Nyumanggakaken menapa ingkang badhé Paduka paringaken dhateng kawula, angger Paduka ing dinten menika mitulungi kawula."
16 Umat Israèl banjur mbuwangi reca-recané, lan bali nyembah marang Allah menèh. Mulané Gusti Allah rena ing penggalih, ora téga mirsani kasangsarané umat mau.
17 Nalika semono tentara Moab lagi tata-tata arep nglurug perang ing Israèl; tentarané pasang kémah ing Giléad.

Semono uga tentarané Israèl padha
nglumpuk lan pasang kémah ing daérah
Giléad.
18 Ana ing kono rakyat lan para
pemimpiné taler-taler Israèl padha
gawé pengumuman: "Sapa sing wani
tumandang perang karo wong Amon,
bakal diangkat dadi pemimpiné wong
sa-Giléad kabèh."
11 1 Yéfta kuwi prejurit sing gagah
prakosa, manggoné ing tanah
Giléad. Bapakné jenengé Giléad, ibuné
wong tuna susila.
2 Bapakné iya duwé anak-anak lanang
liyané saka bojoné sing sah. Bareng
bocah-bocah mau wis padha déwasa,
Yéfta ditundhung, dikon lunga saka
omahé bapakné, tembungé, "Kowé ora
bakal nampa warisan apa-apa saka
bapak, merga kowé kuwi anak ora sah."
3 Mulané Yéfta ninggal omahé bapakné
sarta manggon ing daérah Tob. Ing kana
ana grombolan penjahat sing mèlu Yéfta,
banjur padha ngrampog.
4 Ora let suwé bangsa Israèl diserang
déning wong Amon.
5 Para pemimpiné Israèl ing Giléad nuli
marani Yéfta, diajak bali saka Tob,

6 tembungé, "Ayo padha nglawan wong Amon. Kowé sing mimpin."
7 Wangsulané Yéfta, "Kowé rak padha sengit karo aku. Aku wis koktundhung saka omahé bapakku. Yagéné bareng saiki kowé nemu karépotan, kowé padha marani aku?"
8 Wong-wong mau padha mangsuli, "Tekaku mréné arep ngajak kowé perang nglawan bangsa Amon, lan dadi pemimpiné wong Giléad kabèh."
9 Pangucapé Yéfta, "Aku kokajak bali menyang Giléad merangi wong Amon. Lan yèn Allah maringi kemenangan marang kita, aku arep kokdadèkaké pemimpinmu?"
10 Wangsulané wong-wong mau, "Iya, mengkono, Allah dadi seksi kita."
11 Yéfta banjur budhal bebarengan karo para pemimpiné wong Giléad. Penduduk daérah Giléad banjur ngangkat Yéfta dadi pemimpiné ngiras panglimané, ana ing Mizpa, diseksèni déning Pangéran. Yéfta ngandharaké prekarané marang Gusti Allah.
12 Sawisé mengkono, Yéfta banjur kongkonan marang raja Amon, dikon takon mengkéné, "Lepat kula menapa

déné panjenengan sami merangi negari
kula?"
13 Raja-raja Amon mangsuli marang
para utusané Yéfta, tembungé, "Nalika
umat Israèl medal saking tanah Mesir,
sami ngrebat tanah kula, wiwit saking
Arnon dumugi Lèpèn Yabok lan Lèpèn
Yardèn. Samenika sampéyan kula aturi
mangsulaken tanah menika dhateng
kula kanthi saé."
14 Yéfta banjur kongkonan marang raja
Amon,
15 dikon matur mengkéné, "Umat Israèl
mboten ngrebat tanahipun tiyang Amon.
16 Nalika umat Israèl medal saking
tanah Mesir lajeng terus dhateng Teluk
Akaba, nratas ing ara-ara samun,
nglangkungi Kadès.
17 Lajeng utusan dhateng raja Édom
nyuwun idin badhé langkung ing
negarinipun. Nanging mboten dipun
parengaken. Sasampunipun menika
lajeng nyuwun idin dhateng raja
Moab, nanging inggih mboten dipun
parengaken ndhèrèk langkung ing
daérahipun. Pramila tiyang Israèl
manggèn ing Kadès.

18 Saking ngriku sami nerusaken
lampah medal ara-ara samun, mboten
langkung Édom lan Moab, malah ngalang
ngantos dumugi ing sawétanipun Moab,
ing sabranganipun Arnon. Wonten ing
ngrika sami pasang kémah, nanging
mboten nyabrang lèpèn, mergi daérah
sisih ngrika taksih klebet daérah Moab.
19 Sesampunipun kèngkènan dhateng
Sihon, raja Amori ing Hèsbon, nyuwun
idin badhé langkung ing daérah Amori,
mergi sami badhé késah dhateng
daérahipun piyambak.
20 Nanging Sihon mboten marengaken.
Malah mbidhalaken tentaranipun, lajeng
pasang kémah ing Yahas, sarta nyerang
Israèl.
21 Sukur déné Pangéran, Allahipun
Israèl, paring kemenangan dhateng
Israèl, ngantos Sihon lan balanipun
kawon. Kados mekaten caranipun Israèl
pikantuk siti-sitinipun tiyang Amori
sedaya, ingkang manggèn ing ngriku.
22 Wilayahipun Amori menika lajeng
dipun enggèni, wiwit saking Arnon,
ing sisih Kidul, dumugi ing salèripun
Lèpèn Yabok, lan saking ara-ara samun

sawétanipun Lèpèn Yardèn ngantos
dumugi sisih lèripun lèpèn wau.
23 Dados Pangéran, Allahipun Israèl
menika ingkang ngésahaken tiyang
Amori, kanggé umat kagunganipun.
24 Samenika, menapa tanah menika
badhé panjenengan pundhut wangsul?
Tanah paringipun Kamos, déwa
panjenengan, menika kénging
panjenengan darbèki, nanging menapa
ingkang sampun kaparingaken déning
Pangéran, Allah kula, dhateng kula,
menika kula bélani.
25 Menapa panjenengan rumaos
kagungan wewenang ngungkuli
wewenangipun Balak bin Zipor, raja
ing Moab? Balak mboten naté nglawan
nyerang kula sedaya.
26 Israèl sampun tigang atus taun
manggèn ing Hèsbon lan Aroèr sarta
dhusun-dhusun ing kiwa-tengenipun,
tuwin kitha-kitha sauruting Lèpèn Arnon.
Kénging menapa selaminipun menika
panjenengan mboten naté mundhut
wangsul tanah menika?
27 Saèstu, kula mboten kalepatan
dhateng panjenengan. Gusti Allah

ingkang jumeneng hakim mugi ngadili
bangsa Israèl lan bangsa Amon."
28 Nanging raja Amon ora ngrèwès karo
aturé Yéfta mau.
29 Yéfta kaparingan Rohé Pangéran,
banjur ngubengi tanah Giléad lan tanah
Manasyè, sarta bali menyang Mizpa
ing Giléad. Saka kana nerusaké lakuné
menyang wilayah Amon.
30 Yéfta janji ing ngarsané Allah,
"Menawi Paduka marengaken kula
ngawonaken tiyang Amon,
31 lan wangsul kanthi wilujeng, tiyang
ingkang medal saking griya methukaken
kula, menika badhé kula saosaken dados
kurban obongan kagem Paduka."
32 Yéfta banjur nyabrang Kali Yardèn
nyerang wong Amon, lan Pangéran
ngulungaké bangsa Amon marang umat
Israèl.
33 Tanahé wong Amon digempur tapis[h]
déning Yéfta, wiwit saka Aroèr tekan
daérah sakiwa-tengené Minit, kuthané
kabèh ana rong puluh, nganti tekan
Abèl Keramin. Wong Amon sing mati
akèh banget. Semono enggoné padha

---

[h]tapis: telas babar-pisan, ludhes.

dikalahaké ana ing ngarepé bangsa
Israèl.
34 Bareng Yéfta mulih menyang Mizpa,
anaké wadon methukaké karo jogèdan
lan nabuh kentrung. Mangka bocah
wadon kuwi anak ontang-anting.
35 Bareng ndeleng anaké mau, Yéfta
banget sedhihé, temah nyuwèk-nyuwèk
sandhanganè, kandhané, "Dhuh anakku
enggèr. Kokjebul kowé sing gawé
remuking atiku. Aku wis janji ing
ngarsané Pangéran, sing ora bisa
dakjabel menèh."
36 Bocah wadon mau banjur matur
marang Yéfta, "Bapak sampun janji
ing ngarsanipun Pangéran, mangka
Pangéran sampun maringi kemenangan
dhateng bapak, males piawonipun tiyang
Amon, mengsahipun bapak."
37 Banjur matur menèh, "Kula namung
nyuwun saprekawis: Keparenga kula
lan kanca-kanca kula késah dhateng
paredèn kalih wulan. Wonten ing ngrika
kula badhé nangisi enggèn kula mboten
badhé émah-émah."
38 Bapakné ngolèhaké lan bocahé
nuli pamitan. Bocah wadon mau lan
kanca-kancané banjur lunga menyang

pegunungan nangisi enggoné bakal ora
omah-omah.
39 Sawisé kelakon rong sasi banjur
mulih, lan bapakné banjur netepi apa
sing wis dijanjèkaké marang Pangéran.
Dadi bocah wadon mau nganti mati
tetep ora omah-omah. Kuwi sebabé ing
antarané wong Israèl ana padatan,
40 para prawan saben taun padha
ninggal omahé patang dina ngéling-éling
lelakoné anaké Yéfta sing nyedhihaké
mau.

12 1 Ing wektu kuwi taler Éfraim
tata-tata arep perang, banjur
mangkat, nyabrang Kali Yardèn menyang
Zafon. Kandhané karo Yéfta, "Yagéné
kowé merangi bangsa Amon, kokora
ngajak aku? Saiki kowé lan saisiné
omahmu arep dakobong."
2 Wangsulané Yéfta, "Wong Amon
lan aku wong Giléad padha kerengan.
Kowé wis padha dakundang, dakkon
ngréwangi aku, nanging kowé padha ora
teka.
3 Dadi, bareng aku ngerti yèn kowé
padha ora gelem ngréwangi aku,
aku banjur tékad-tékadan nyerang
wong Amon, lan Pangéran maringi

kemenangan. Yagéné saiki kowé mréné
arep nyerang aku?"
4 Yéfta banjur nglumpukaké wong
Giléad kabèh, banjur nyerang wong
Éfraim, nganti wong Éfraim mau kalah.
(Wong Giléad sing padha manggon
ing tanah Éfraim lan Manasyè didakwa
déning wong Éfraim wis ninggal taler
Éfraim.)
5 Wong Giléad sing padha perang mau
ngebroki papan-papan sabrangan ing
Kali Yardèn, sarta nyegat wong Éfraim
sing keplayu. Angger ana wong Éfraim
sing keplayu arep nyabrang, banjur
ditakoni déning wong Giléad, "Apa
kowé wong Éfraim?" Wangsulané mesthi
"dudu".
6 Mulané wong mau banjur dikon muni,
"Sibolèt". Wong mau mesthi muni,
"Sibolèt," merga ora bisa ngucapaké
tembung mau sing sabeneré. Wong
mau mesthi banjur di cekel lan dipatèni
ing sabrangan kono. Wong Éfraim sing
dipatèni ing wektu semana cacahé
patang puluh loro èwu.
7 Yéfta enggoné mimpin wong Israèl
nem taun, banjur tinggal-donya lan
dikubur ing désané, ing tanah Giléad.

8 Sapungkuré Yéfta, umat Israèl
dipimpin déning Èbsan saka Bètléhèm.
9 Èbsan duwé anak lanang telung
puluh lan anak wadon telung puluh.
Anak-anaké wadon dijodhokaké karo
wong lanang saka taler liya; kosokbaliné
dhèwèké njupuk prawan saka taler liya
dijodhokaké karo anak-anaké lanang.
Èbsan enggoné mimpin Israèl lawasé
pitung taun,
10 banjur tinggal-donya lan dikubur ing
Bètléhèm.
11 Sapungkuré Èbsan, umat Israèl
dipimpin déning Élon, saka taler
Zébulon, suwéné sepuluh taun.
12 Sawisé mengkono Élon tinggal-donya
lan dikubur ing Ayalon, ing daérah
Zébulon.
13 Sawisé Élon, umat Israèl dipimpin
déning Abdon, anaké Hilèl, saka Piraton.
14 Anaké lanang patang puluh, putuné
lanang telung puluh. Anak-anak lan
putu-putuné mau padha duwé kuldi
tunggangan dhéwé-dhéwé. Abdon dadi
pemimpiné umat Israèl suwéné wolung
taun.
15 Abdon banjur tinggal-donya lan
dikubur ing Piraton, ing wilayahé Éfraim,

yakuwi ing daérah pegunungané wong
Amalèk.

13 1 Wong Israèl padha gawé dosa
menèh ing ngarsané Allah,
mulané ditégakaké, dijajah déning wong
Filistin suwéné patang puluh taun.
2 Ing wektu kuwi ana wong lanang saka
désa Zora, jenengé Manoah, saka taler
Dhan. Bojoné ora duwé anak.
3 Ing sawijining dina wong wadon mau
dirawuhi Malaékating Pangéran, sarta
dingandikani mengkéné, "Tekan saiki
kowé ora duwé anak, nanging ora suwé
menèh kowé bakal ngandhut, lan duwé
anak lanang.
4 Mulané kowé kudu ngati-ati. Aja
ngombé anggur utawa ombèn-ombèn
sing ngendemi, utawa mangan panganan
sing karam,
5 sebab bayi sing kokkandhut kuwi
bakal dadi nasir,[i] mula sawisé bayiné
lair rambuté aja kokcukur. Bocah kuwi
mbésuk bakal ngluwari wong Israèl saka
penjajahé wong Filistin."
6 Bojoné Manoah mau banjur marani
sing lanang lan kandha, "Pak, aku mau

---

[i]nasir: tiyang ingkang nyaosaken gesangipun kanggé ngladosi Gusti Allah.

dirawuhi utusané Allah (rupané kaya
malaékaté Allah). Aku ora takon saka
endi rawuhé, lan utusan mau iya ora
nyebut asmané.
7 Nanging panjenengané ngandika,
yèn aku bakal ngandhut lan duwé anak
lanang. Iya ngandika, yèn aku ora kena
ngombé anggur utawa ombèn-ombèn
sing ngendemi utawa mangan panganan
sing karam, merga bocah mau selawasé
urip kudu disaosaké marang Allah dadi
nasir."
8 Krungu sing mengkono mau Manoah
banjur sujud ing ngarsané Allah, aturé,
"Dhuh Allah, mugi kersa ngutus utusan
menika malih, supados maringi sumerep
menapa ingkang kedah sami kawula
lampahi sesampunipun bayi menika lair."
9 Gusti Allah nuruti panyuwuné Manoah.
Malaékaté Pangéran rawuh menèh
nemoni bojoné Manoah nalika dhèwèké
lagi lungguh ing pategalané. Manoah
pinuju ora ana ing kono,
10 mulané wong wadon mau banjur
mlayu nggolèki sing lanang. Bareng
ketemu banjur dikandhani, "Pak, wongé
sing biyèn nemoni aku, saiki teka
menèh!"

11 Manoah énggal-énggal mèlu, banjur
nyedhaki wongé karo matur, "Ndara,
menapa panjenengan ingkang rumiyin
paring pawartos dhateng sémah kula?"
Wangsulané wong mau, "Iya, aku sing
ngandika."
12 Manoah banjur nyuwun pirsa,
"Menawi èstu kelampahan menapa
ingkang panjenengan ngandikakaken,
laré menika mbénjing kedah
nglampahi menapa? Kedah kadospundi
gesangipun?"
13 Wangsulané Malaékaté Pangéran
mau, "Bojomu kudu nglakoni temenan
sakèhing prekara sing Dakdhawuhaké
marang dhèwèké,
14 yakuwi: Ora kena ngombé anggur lan
ora kena mangan panganan sing karam."
15 Manoah banjur matur menèh, "Ndara,
kula aturi nyekécakaken pinarak, badhé
kula belèhaken cempé."
16 Nanging Malaékaté Pangéran
ngandika, "Aku Dakngentèni ing kéné.
Aku ora arep mangan suguhanmu,
éwasemono yèn arep kokladèkaké,
saosna dadi kurban obongan kagem
Gusti Allah." Manoah banjur ngerti
yèn sing ngandika mau Malaékaté

Pangéran. Mulané matur, "Keparenga
ngandikakaken, asma panjenengan
sinten, supados samasa prekawis
ingkang panjenengan dhawuhaken wau
kelampahan, kula saged saos panuwun
dhateng panjenengan."
17 (13:16)
18 Malaékaté Pangéran gentèn ndangu,
"Yagéné kowé takon jenengku? Jenengku
élok."
19 Manoah banjur njupuk cempé siji lan
gandum sethithik, disèlèhaké ana ing
watu, sarta disaosaké marang Pangéran
kang nindakaké kaélokan.
20 Bareng kukusé kurban mau kumebul
munggah saka mesbèh, Manoah lan
bojoné weruh Malaékaté Pangéran
mau mumbul katut ing urubing geni,
munggah ing langit. Manoah lagi ngerti
yèn kuwi mau Malaékaté Pangéran
piyambak, mula banjur bebarengan karo
bojoné sujud sumungkem ing bumi.
Saungkuré saka kono Malaékat mau ora
ngetingal menèh.
21 (13:20)
22 Manoah banjur kandha karo bojoné,
"Cilaka! Kita iki mesthi mati, sebab kita
wis ndeleng Allah."

23 Nanging sing wadon mangsuli,
"Saupama Pangéran matèni kita, mesthi
ora kersa nampi kurban sing kita
saosaké. Panjenenganė iya mesthi ora
maringi pirsa prekara-prekara sing bakal
kita alami."
24 Ora wetara suwé bojoné Manoah
banjur ngandheg lan duwé anak lanang,
sing dijenengaké Simson. Bocahé
mundhak gedhé lan diberkahi déning
Pangéran.
25 Nalika isih manggon ing désané taler
Dhan, sing ana ing Zora lan Èstaol,
Rohé Pangéran wiwit maringi kekuwatan
marang bocah mau.

14

1 Kacrita ing sawijining dina
Simson lunga menyang Timnat.
Ing kana weruh bocah wadon Filistin,
2 banjur bali matur karo bapak lan
ibuné, "Kula sir kaliyan laré èstri Filistin
ing Timnat. Bapak kaliyan ibu kula aturi
nakèkaken laré menika."
3 Nanging bapak lan ibuné mangsuli,
"Yagéné aku lan ibumu kokkon nakokaké
bocah wadon Filistin sing ora nunggal
bangsa karo kita? Apa ing antarané
sedulur-sedulur kita dhéwé lan ing
antarané bangsa kita ora ana bocah

wadon sing pantes kokpèk bojo?"
Aturé Simson, "Kadospundi malih, kula
sampun kadhung kepéncut dhateng laré
èstri Filistin menika. Mila bapak kula
suwun nakèkaken."
4 Wong tuwané Simson ora ngerti
yèn niaté Simson kuwi saka kersané
Pangéran, supaya ana dhadhakan
kanggo merangi wong Filistin. Ing wektu
semana wong Israèl dijajah déning wong
Filistin.
5 Simson banjur mangkat menyang
Timnat, bebarengan karo bapak lan
ibuné. Nalika lakuné tekan ing kebon
anggur ing Timnat, Simson krungu
panggeroné singa nom.
6 Dumadakan Simson kaparingan
Rohé Pangéran, temah tanpa gegaman
singané disuwèk-suwèk kaya wong
nyuwèk-nyuwèk cempé waé. Bab kuwi
mau ora dicritakaké karo bapak lan
ibuné.
7 Sawisé mengkono Simson banjur
marani dhemenané diajak ngobrol,
merga seneng karo bocah mau.
8 Sawisé sawetara mangsa Simson
mrono menèh arep ngresmèkaké
kawiné. Nalika mangkaté mrono, Simson

nyimpang dalan, arep ndeleng bathangé
singa sing biyèn dipatèni. Satekané ing
kono weruh bathang mau dienggo omah
tawon lan ana maduné.
9 Madu mau dikeruk nganggo tanganė,
nuli nerusaké lakuné karo mangan
maduné. Bapak lan ibuné iya dicaosi
madu mau sarta padha dipangan,
nanging padha ora ngerti, yèn madu
mau olèhé njupuk saka bathang singa.
10 Sawisé bapak lan ibuné nakokaké
bocahé wadon, Simson banjur nganakaké
pésta, kaya adaté wong-wong nom ing
kono.
11 Bareng wong Filistin weruh Simson,
banjur kongkonan wong nom-nom
telung puluh dikon ngawasi.
12 Simson kandha karo wong nom-
nom mau, "Aku duwé cangkriman,
bedhèken. Yèn kowé bisa mbedhèk,
bakal dakwènèhi setèlan léna sing apik
banget, saben wong siji sasetèl. Kowé
dakwènèhi wektu pitung dina, dadi tekan
sarampungé pésta iki, kanggo mbedhèk
cangkrimanku.
13 Nanging yèn kowé ora bisa mbedhèk,
kowé siji-siji kudu mènèhi aku setèlan
sing apik." Wangsulané para nonoman

Filistin mau, "Ya saguh. Kandhakna
cangkrimanmu."
14 Simson banjur ngandhakaké
cangkrimané, "Sing mangan metokaké
barang sing dipangan; sing rosa,
metokaké barang sing legi." Sawisé
kelakon telung dina, para nonoman
Filistin mau durung bisa mbedhèk
cangkrimané.
15 Mulané ing dina ping pat́é para
nonoman mau banjur marani bojoné
Simson, kandhané, "Simson bujuken
supaya ngandhakaké bedhèkané
cangkrimané. Yèn ora, kowé lan saisiné
omahé bapakmu bakal dakobong kabèh.
Apa preluné ngulemi aku mréné, rak
mung arep mblèjèdi aku?"
16 Bojoné Simson banjur nemoni sing
lanang karo nangis, tembungé, "Saiki
aku ngerti yèn kowé ora tresna karo
aku. Yagéné kowé awèh cangkriman
karo kanca-kancaku, nanging ora
ngandhakaké bedhèkané karo aku? Kuwi
mesthi merga kowé ora tresna karo
aku!" Wangsulané Simson, "Rungokna!
Bapak lan ibuku dhéwé ora dakkandhani.
Yagéné aku kudu ngandhakaké karo
kowé?"

17 Pitung dina lawasé bojoné Simson
mau terus nangis waé. Sarèhné ngrèngèk
terus-terusan, ing dina kapituné Simson
banjur ngandhakaké marang bojoné
bab bedhèkané cangkrimané. Lan wong
wadon mau banjur gentèn nyritakaké
marang wong-wong Filistin.
18 Mulané, ing dina kapitu, sadurungé
Simson mapan turu, wong Filistin mau
padha kandha karo dhèwèké. "Apa ana
sing luwih legi ketimbang karo madu, lan
apa ana sing luwih rosa ketimbang karo
singa?" Wangsulané Simson, "Yèn kowé
ora mluku nganggo pedhètku, masa
kowé bisa mbedhèk cangkriman kuwi!"
19 Dumadakan Simson kaparingan
pangwasané Allah, banjur lunga
menyang Askelon. Ana ing kana Simson
matèni wong lanang telung puluh
sing padha nganggo sandhangan apik
banget. Sandhangané wong-wong mau
dijupuk lan diwènèhaké marang wong
telung puluh, sing padha mbedhèk
cangkrimané. Simson banjur mulih,
atiné mangkel banget.
20 Bojoné Simson diwènèhaké déning
bapakné marang wong lanang sing dadi
pengiringé Simson nalika kawiné.

15 1 Ora wetara suwé, mbeneri
mangsa panèn gandum, Simson
tilik bojoné karo nggawa cempé.
Kandhané Simson marang maratuwané,
"Kula badhé kepanggih kaliyan sémah
kula." Nanging maratuwané ora ngidini.
2 Tembungé, "Daksengguh kowé wis ora
seneng, mulané banjur dakwènèhaké
kancamu. Kowé ngepèka adhiné waé,
kuwi rak luwih ayu."
3 Wangsulané Simson, "Sepisan iki aku
ora keluputan karo wong Filistin."
4 Simson banjur lunga golèk asu ajag,
olèh telung atus. Buntuté asu ajag mau
nuli ditalèni ngloro-ngloro; ing tengahé
tali mau diwènèhi obor.
5 Oboré banjur disumed lan asu-asuné
digusah menyang sawah-sawahé wong
Filistin. Gandum sing ana ing sawah
kono padha kobong kabèh, mengkono
uga wit-wit anggur sing ana ing kebon.
6 Wong-wong Filistin padha nggolèki
sapa sing tumindak mengkono mau. Ana
wong sing kandha, yèn sing tumindak
mengkono mau Simson, merga bojoné
diwènèhaké déning bapakné maratuwa
marang wong liya. Wong Filistin nuli
padha ngobong wong wadon mau apa

déné saisiné omahé bapakné nganti
ludhes.
7 Simson gentèn ngancam wong Filistin
mengkéné, "O mengkono tumindakmu.
Aku sumpah ora arep lèrèn males
penggawému marang aku!"
8 Simson banjur ngamuk sarta matèni
wong Filistin pirang-pirang. Sawisé
mengkono Simson nuli manggon ana ing
guwa, ing gunung watu sacedhaké Étam.
9 Wong Filistin banjur padha nyerang
tanah Yéhuda.
10 Wong-wong Yéhuda padha takon
marang wong Filistin, "Yagéné kowé
padha nyerang aku?" Wangsulané,
"Tekaku arep nyekel Simson, dhèwèké
arep dakwales kaya enggoné tumindak
marang aku."
11 Krungu kandhané wong Filistin
mau wong Yéhuda telung èwu banjur
mangkat menyang guwa ing gunung
watu cedhaké Étam. Bareng ketemu karo
Simson, banjur padha muni mengkéné,
"Menapa panjenengan mboten pirsa bilih
kita menika dipun jajah déning tiyang
Filistin? Kénging menapa panjenengan
tumindak ingkang kados mekaten?"

Wangsulané Simson, "Aku mung males
penggawéné wong Filistin marang aku."
12 Wangsulané wong-wong Yéhuda,
"Dhateng kula mriki badhé mbanda
panjenengan lan masrahaken
panjenengan dhateng tiyang Filistin."
Wangsulané Simson, "Padha janjia yèn
kowé ora bakal matèni aku!"
13 Wangsulané wong Yudéa, "Inggih,
kula janji. Pancèn pikajeng kula namung
badhé mbanda panjenengan lan
masrahaken dhateng tiyang Filistin,
mboten badhé mejahi panjenengan."
Simson banjur dibanda nganggo
dhadhung anyar lan digawa metu saka
guwa kono.
14 Satekané ing Lèhi wong-wong Filistin
padha methukaké karo surak-surak.
Dumadakan Simson kaparingan Rohé
Pangéran, banjur dadi rosa banget.
Dhadhung sing dienggo mbanda tangané
dipedhot presasat benang kobong ing
geni.
15 Kebeneran Simson nemu balung
uwangé kuldi sing isih anyar. Balung mau
dijupuk, banjur digawé ngantemi wong
Filistin, nganti wong sèwu sing mati.

16 Simson banjur ngidung mengkéné: "Srana uwanging kuldi, bangsa (sing kaya) kuldi iki dakajar; srana uwanging kuldi wong sèwu dakgecak mati."
17 Sawisé ngidung mengkono mau, balungé kuldi nuli dibuwang. Mulané panggonan kono dijenengaké: Ramat-Lèkhi.[j]
18 Simson krasa ngelak banget nganti sesambat marang Pangéran, aturé, "Dhuh Pangéran, nembé kémawon Paduka paring kemenangan dhateng kawula. Menapa samenika kawula kedah pejah kasatan lan dhawah ing tanganipun tiyang-tiyang ingkang mboten tepang kaliyan Paduka menika?"
19 Gusti Allah banjur gawé bengkahé watu ing panggonan kono, nuli metu banyuné. Simson banjur ngombé, awaké dadi seger menèh. Mulané sendhang mau disebut Hakor.[k] Sendhang mau isih tekan sepréné.

---

[j]Ramat-Lèkhi: basa Ibrani, tegesipun gunung uwang kuldi.

[k]Hakor: basa Ibrani, tegesipun: kang sesambat.

20 Rong puluh taun suwéné Simson
mimpin wong Israèl nalika Israèl dijajah
déning wong Filistin.
16 1 Ing sawijining dina Simson lunga
menyang Gaza. Ana ing kana
ketemu karo wanita tuna susila lan turu
karo wong mau.
2 Bareng penduduk Gaza weruh yèn
Simson ana ing kono, omah mau nuli
dikepung lan gapurané kutha dijaga
sawengi muput. Bengi kuwi Simson
ora diganggu, sebab wong-wong mau
padha duwé rancangan, "Mengko yèn
srengéngéné mlethèk, Simson kita
patèni."
3 Nanging Simson olèhé turu ing
kono ora nganti tekan ésuk. Tengah
wengi Simson wis tangi, banjur mlaku
menyang gapuraning kutha. Lawanging
gapura nuli dibedhol, sacagak-cagaké
lan palanganing lawang pisan. Lawang
mau dipanggul, digawa menyang pucaké
gunung, sing ana ing ngarepé kutha
Hébron.
4 Kocapa Simson kepéncut karo wong
saka Lebak Sorèk, jenengé Délila.
5 Wong wadon mau nuli ditekani
déning penggedhé Filistin lima,

kandhané, "Simson glembuken, supaya
ngandhakaké wadiné karosané ana ing
endi, lan priyé carané supaya ilang
karosané. Mengko aku bakal padha teka
lan mbanda dhèwèké sarta dakkalahaké.
Lan kowé bakal dakopahi, wong siji
ngopahi sèwu rong atus dhuwit slaka."
6 Délila banjur kandha karo Simson
mengkéné, "Simson, apa sebabé
kowé kokrosa temen? Apa wadiné?
Aku kandhanana! Kowé kudu ditalèni
nganggo apa supaya ora bisa ucul?"
7 Wangsulané Simson, "Yèn aku dibanda
nganggo tali gendhéwa pitu sing isih
anyar lan isih malem, aku bakal tanpa
daya kaya wong lumrah."
8 Para penggedhéné wong Filistin
banjur mènèhaké marang Délila tali
gendhéwa pitu anyar, sing isih malem.
Nalika Délila mbanda Simson nganggo
tali-tali mau, wong Filistin padha ndhelik
ana ing kamar liyané. Rampung olèhé
mbanda, Délila banjur mbengoki Simson,
"Simson, wong Filistin padha teka!"
Sanalika Simson medhot tali-tali sing
dienggo mbanda mau, nganti rantas
kabèh kaya benang kena ing geni. Srana

mengkono wadi bab kekuwatané Simson
durung konangan.
9 (16:8)
10 Délila banjur mbujuk Simson menèh,
"Kowé goroh! Aku mung kokenggo
guyon. Mbakya aku kokkandhani,
kepriyé patrapé mbanda kowé sing
temenan!"
11 Wangsulané Simson, "Yèn aku
kokbanda nganggo tali anyar sing
durung tau kanggo, aku bakal tanpa
daya lan dadi kaya wong lumrah."
12 Nalika Délila njupuk tali anyar
dienggo mbanda Simson, wong Filistin
isih ngentèni ana ing kamar liya. Sawisé
mengkono Délila banjur mbengok,
"Simson! Wong Filistin padha teka!"
Nanging Simson medhot tali-tali sing
dienggo mbanda nganti rantas kabèh,
kaya benang kena ing geni.
13 Délila banjur kandha karo Simson,
"Aku kokgawé geguyon. Kowé ngapusi.
Wis ta aku blakanana, kepriyé carané
mbanda kowé?" Simson banjur mangsuli,
"Yèn rambutku kokklabang dadi pitu;
klabangan pitu mau kokdadèkaké siji,
banjur koktalèkaké ing pathok wesi, aku

mesthi banjur tanpa daya lan dadi kaya
wong lumrah."
14 Délila banjur nggawé Simson turu lan
nglabang rambuté dadi siji, ditalèni karo
pathok wesi. Sawisé mengkono banjur
mbengok, "Simson, wong Filistin padha
teka!" Simson banjur tangi, rambuté
disendhal temah ucul saka pathoké wesi.
15 Délila banjur mbujuk menèh, "Kowé
kandha yèn tresna karo aku, nanging
satemené atimu adoh karo aku! Wis
ping telu aku kokapusi, lan durung
kokkandhakaké apa sing marakaké kowé
duwé karosan semono gedhéné."
16 Saben dina Délila mbujuk lan
ngrimuk-ngrimuk sarta ngunèk-
unèkaké Simson, nganti Simson jelèh
ngrungokaké tembungé.
17 Wekasané Simson ngandhakaké
wadiné. Tembungé, "Rambutku durung
tau dicukur utawa dikethok. Aku wis
dipasrahaké marang Allah dadi nasir
wiwit lair mula. Yèn rambutku dikethok,
bakal ilang dayaku lan dadi kaya wong
lumrah."
18 Délila krasa yèn saiki Simson wis
ngandhakaké wadiné. Mulané banjur
kirim kabar marang para penggedhéné

wong Filistin, "Kersaa rawuh sepisan malih. Simson sampun nyariyosaken wadosipun." Para penggedhé mau iya nuli padha teka karo nggawa opahé Délila.
19 Sawisé mengkono Délila banjur nggawé Simson turu ing pangkoné, nuli akon wong ngethok rambuté Simson sing klabangan pitu mau. Mulané Simson banjur koncatan kekuwatané.
20 Simson banjur digugah déning Délila, karo mbengok, tembungé, "Simson! Wong Filistin padha teka!" Simson tangi lan ngira bisa luwar kaya sing uwis-uwis. Simson ora ngerti yèn wis ditilar déning Allah.
21 Mulané bisa dicekel déning wong Filistin lan dicukil mripaté. Simson diirid menyang Gaza, diranté nganggo ranté tembaga, sarta dilebokaké ing kunjara. Ana ing kana Simson dikon nyambut-gawé nggiling gandum.
22 Nanging sajroné dikunjara mau rambuté thukul menèh.
23 Ing sawijining dina para pemimpiné wong Filistin padha nglumpuk arep nganakaké pésta gedhèn kanggo Dagon, déwané. Wong-wong mau padha

menyanyi mengkéné, "Déwa kita wis
maringi kemenangan nganti kita bisa
ngalahaké Simson, mungsuh kita!"
24 Saking senengé nganti padha muni,
"Simson gawanen mréné supaya kena
kita anggo geguyon!" Simson banjur
dijupuk saka kunjara, lan dikon ngadeg
ing antarané saka gedhé loro, dienggo
geguyon. Bareng wong akèh mau weruh
Simson, banjur padha memuji marang
déwané, pangucapé, "Déwa kita sampun
paring kemenangan dhateng kita,
ngantos kita saged ngawonaken Simson,
mengsah ingkang ngrisak negari kita lan
mejahi tiyang kathah ing antawisipun
rakyat kita!"
25 (16:24)
26 Simson kandha karo bocah lanang
sing nuntun tangané, "Aku tuntunen
menyang saka-saka sing nyangga
gedhong iki, supaya aku bisa sèndhèn
ing kono."
27 Gedhong mau kebak wong, yakuwi
para pemimpiné kutha lima, mengkono
uga ing payoné gedhong mau ana wongé
telung èwu, sing padha nonton lan
nggeguyu Simson.

28 Simson ndedonga marang Allah, aturé, "Dhuh Pangéran ingkang Mahaluhur; kersaa ngèngeti dhateng kawula. Kersaa maringi kekiyatan malih dhateng kawula, sepisan menika kémawon, supados srana mekaten kawula saged males dhateng tiyang Filistin, ingkang sampun nyukil mripat kawula kekalih."

29 Sawisé mengkono Simson banjur ngranggèh saka tengah loro, sing nyangga gedhong mau. Tangané sing siji ditèmplèkaké saka sing tengen, lan tangan sijiné ing saka sing ana ing kiwané,

30 karo muni klawan sora, "Pecata nyawaku bareng karo nyawané wong Filistin." Simson tumelung lan ngetog karosané nyengkah[l] saka-saka mau nganti rubuh, nibani para pemimpiné wong Filistin lima mau lan wong kabèh sing ana ing kono. Simson dhéwé iya mati. Nanging patiné mau nyebabaké patiné wong akèh, malah cacahé luwih akèh ketimbang karo sing dipatèni nalikané isih urip.

---

[l]nyengkah: nduwa; nyurung utawi nahan mawi tangan kiwa-tengen.

31 Sedulur-seduluré Simson lan kulawargané kabèh banjur padha teka ngrumat layoné, digawa mulih lan dikubur ing kuburané Manoah, bapakné. Dunungé kuburan mau ana ing antarané kutha Zoar lan Èstaol. Simson dadi pemimpiné Israèl suwéné rong puluh taun.

17 1 Kacrita ana wong lanang jenengé Mikha; manggon ing daérah pegunungan wilayahé taler Éfraim.

2 Ing sawijining dina Mikha mau kandha karo ibuné, "Ibu, nalika ibu kécalan arta slaka sèwu satus, kula mireng ibu ngipat-ipati tiyang ingkang mendhet. Bu, menika artanipun! Kula ingkang mendhet." Mikha banjur mbalèkaké dhuwit mau marang ibuné. Wangsulané ibuné, "Muga Pangéran mberkahi kowé, nggèr!"

3 Saka dhuwit mau ibuné Mikha njupuk rong iji, banjur dipasrahaké marang tukang pérak. Tukang mau nuli gawé reca saka kayu, dilapisi slaka. Reca kuwi déning ibuné diwènèhaké Mikha, anaké, karo muni, "Dhuwit kaé wis dakenggo gawé reca iki. Sebab aku wis janji,

yèn dhuwit kuwi daksaosaké marang
Pangéran, supaya kowé, anakku, luwar
saka ipat-ipat sing dakucapaké marang
kowé." Mikha masang reca mau ana ing
omahé.
4 (17:3)
5 Mikha dhéwé wis duwé panggonan
kanggo nyembah brahala, lan Mikha iya
gawé reca-recaning brahala sarta duwé
éfod.[m] Mikha wis ngangkat salah sijiné
anaké lanang dadi imam.
6 Nalika semono bangsa Israèl ora
dierèh déning raja; angger wong padha
urip manut karepé dhéwé.
7 Ing wektu semono ana nonoman saka
taler Lèwi, asalé saka désa Bètléhèm,
wilayah Yéhuda.
8 Nonoman mau ninggal Bètléhèm
désané, arep golèk panggonan liya.
Lakuné tekan omahé Mikha, ing daérah
pegunungan, wilayah Éfraim.
9 Banjur ditakoni Mikha, "Kowé saka
ngendi?" Wangsulané nonoman mau,
"Kula tiyang Lèwi, saking Bètléhèm,
wilayah Yéhuda. Késah kula pados
panggènan ingkang kénging kula
enggèni."

---

[m]éfod: mirsanana Hak 8:27.

10 Mikha banjur muni, "Manggona
ing kéné waé, dadi penaséhat lan
imam ing kéné. Mengko dakgawèkaké
sandhangan imam, dakcukupi panganmu
lan dakwènèhi dhuwit sepuluh slaka
setaun."
11 Nonoman Lèwi mau saguh, mulané
banjur diangkat dadi imamé Mikha,
lan manggon ing omahé Mikha, sarta
direngkuh kaya anaké dhéwé.
12 (17:11)
13 Mikha nuli kandha mengkéné, "Wis,
saiki aku yakin temenan, yèn Pangéran
bakal gawé becik marang aku, merga
aku wis duwé imam wong Lèwi."

18 1 Nalika semono ing Israèl ora
ana raja, mangka ing antarané
taler-taler Israèl, taler Dhan kuwi durung
kebagéan tanah. Mulané taler Dhan mau
milang-miling golèk tanah.
2 Saka ing antarané turun-turuné taler
Dhan dipilih wong lima sing kendel
lan gagah prakosa. Wong lima mau
dikon nliti negara kono lan nggatèkaké
penduduké. Banjur padha budhal;
lakuné tekan ing daérah pegunungan,
ing wilayah Éfraim. Ana ing kono padha
nginep ing omahé Mikha.

3 Bareng weruh nonoman Lèwi lan
ora pangling karo pocapané, banjur
nakoni nonoman mau, "Yagéné kowé
ana ing kéné? Gawéanmu apa? Sapa
sing nuduhaké kowé, dikon mréné?"
4 Wangsulané nonoman mau, "Menika
saking pikajengipun Mikha. Kula wonten
ngriki dipun bayar, kapurih dados imam."
5 Kandhané wong lima mau, "Yèn
mengkono mbok jajal nyuwun pirsa
marang Pangéran apa lakuku iki bakal
olèh gawé apa ora?"
6 Wangsulané imam mau, "Sampun
kuwatos, Gusti Allah badhé mberkahi
panjenengan."
7 Wong lima mau banjur padha
nerusaké lakuné menyang Lais. Ana
ing panggonan kono padha ngawasaké
kaananané penduduké. Ketitik yèn uripé
wong-wong Lais kuwi kaya wong
Sidon. Senajan adoh saka Sidon lan
panggonané mencil, nanging uripé
tentrem, ora ana sing ngganggu, lan
sarwa kecukupan.
8 Wong lima mau satekané ing kutha
Zora lan Èstaol banjur dikon lapur.
9 Enggoné lapur mengkéné, "Tanah sing
dakdeleng kuwi becik, amba tur subur,

pepak apa-apa ana. Mulané, ayo kita padha ngalih mrana, aja mung meneng waé. Énggal ayo padha kita rebut lan kita enggoni, merga Allah wis maringaké tanah mau marang kita. Yèn kita tekan kana, penduduké ora bakal nglegéwa yèn arep kita serang."
10 (18:9)
11 Mulané wong taler Dhan banjur ngangkataké wong nem atus saka Zora lan Èstaol, nggawa gegaman perang.
12 Lakuné njujug sakuloné Kiryat-Yéarim, ing wilayah Yéhuda, sarta padha nginep ing kana. Tekan saiki panggonan kono karan: Palèrènané Dhan.
13 Saka ing panggonan kono banjur padha mlaku menyang daérah pegunungan Éfraim nganti tekan omahé Mikha.
14 Wong lima sing biyèn dikon nliti mau kandha karo kanca-kancané mengkéné, "Kowé rak ora ngerti yèn ing salah sijiné omah kéné ana recané dilapis slaka. Uga ana reca-reca liyané lan éfod. Saiki kepriyé beciké, barang-barang kuwi arep kita kapakaké?"
15 Wong-wong mau banjur padha mlebu ing panggonané nonoman Lèwi,

sing mondhok ing omahé Mikha, lan
nakokaké keslametané.
16 Déné wong nem atus saka taler Dhan
sing padha nggawa gegaman, padha
ngentèni ana ing gapuraning kutha.
17 Telik lima mau terus mlebu ing omahé
Mikha, sarta njupuk recané kayu sing
dilapis slaka, éfod lan reca-reca liyané.
18 Bareng wong lima mau wis njupuki
barang kuwi saka omahé Mikha,
nonoman Lèwi mau takon, "Kowé mréné
iki sing kokkarepaké apa?"
19 Diwangsuli déning wong-wong mau,
"Menenga waé, aja takon-takon. Mèlua
aku, mengko dakdadèkaké penaséhat
lan imamku. Ketimbang mung dadi
imamé wong sebrayat, rak luwih becik
dadi imamé wong sataler!"
20 Krungu usul sing mengkono mau,
imam mau seneng atiné. Mulané éfod lan
reca-recaning brahala banjur ditampani
lan banjur mèlu lunga karo wong-wong
saka taler Dhan mau.
21 Sawisé mengkono banjur padha
nerusaké lakuné, bocah-bocah lan
raja-kayané mlaku ana ing ngarep.

22 Bareng lakuné wis adoh, Mikha
ngajak tangga-tanggané ngoyak wong
Dhan mau. Sawisé ketututan,
23 Mikha banjur celuk-celuk. Wong Dhan
padha nolèh lan takon karo Mikha, "Ana
apa? Koknggawa wong semono akèhé?"
24 Wangsulané Mikha, "Aja réka-réka
ora ngerti! Kowé rak wis njupuk reca-
reca lan imamé pisan, kokgawa lunga.
Saiki aku ora duwé apa-apa!"
25 Kandhané wong Dhan, "Menenga
waé. Yèn ora, wong-wong kuwi bakal
padha nepsu, ngroyok lan matèni kowé
sakulawangsamu kabèh."
26 Sawisé mengkono wong-wong Dhan
mau padha nerusaké lakuné. Mikha
rumangsa kalah kuwat lan ora bisa
nglawan wong-wong mau, mulané
banjur trima mulih waé.
27 Sawisé wong-wong Dhan mau
nggawa imam lan barang-barang prabot
pangibadah gawéané Mikha, banjur
nyerang Lais, désa sing penduduké uripé
ayem tentrem. (Désa mau dunungé
ana ing lebak sacedhaké Bèt-Réhob.)
Penduduké Lais dipatèni kabèh lan
désané diobong déning wong-wong
Dhan. Ora ana wong sing bisa nulungi

wong-wong Lais, merga panggonané
mencil, tur adoh saka Sidon. Sawisé
mengkono désa mau dibangun menèh
déning wong-wong Dhan, banjur
dienggoni.
28 (18:27)
29 Jenengé désa mau dielih dadi Dhan,
kaya jenengé leluhuré, yakuwi anaké
Yakub.
30 Reca brahala sing digawa saka omahé
Mikha dipasang ana ing désa kono,
banjur padha ngangkat Yonatan, anaké
Gérsom, putuné Musa, dadi imamé.
Anak-turuné Gérsom kuwi dadi imam
ing kono nganti jamané umat Israèl
diboyong menyang manca negara.
31 Sasuwéné Pedalemané Allah ana ing
Silo, recané brahala gawéané Mikha mau
tetep ana ing Lais kono.
19 1 Sadurungé Israèl duwé raja,
ana wong Lèwi manggon ing
pegunungané tanah Éfraim. Wong mau
njupuk selir wong wadon saka Bètléhèm,
daérah Yéhuda.
2 Nanging selir mau nuli ora krasan, bali
menyang omahé bapakné, ing Bètléhèm.
Sawisé ana ing kono patang sasi,

3 banjur disusul sing lanang, nggawa
batur lan kuldi loro. Satekané ing kono
dijak seliré nemoni bapakné. Bareng
weruh mantuné, maratuwa mau seneng
banget,
4 mulané mantuné diendheg, mangan
lan ngombé sarta nginep ing kono nganti
telung dina.
5 Ing dina kapaté wong Lèwi lan
seliré mau tangi ésuk umun-umun,
banjur tata-tata arep mangkat. Nanging
bapakné wong wadon mau nggéndholi
lan kandha karo mantuné, "Mbok padha
mangan dhisik supaya awakmu kuwat,
yèn wis banjur mangkata."
6 Sing arep padha budhal mau padha
lungguh menèh, mangan lan ngombé
bebarengan. Bareng wong Lèwi mau
arep budhal, maratuwané ngajani
supaya aja budhal. Tembungé, "Mbok
padha seneng-senenga dhisik ana ing
kéné," mangkata mengko bengi waé.
Wong Lèwi mau banjur nginep menèh
sewengi.
7 (19:6)
8 Ing dina kalimané, nalika isih ésuk
umun-umun, padha arep budhal,
nanging bapakné wong wadon mau

ngendheg menèh, "Mbok padha
mangan dhisik; mengko sedhéla
engkas budhala!" Banjur padha mangan
bebarengan.
9 Bareng wong Lèwi mau arep budhal
karo seliré lan baturé, wong tuwa mau
isih nggéndholi menèh, kandhané, "Saiki
wis soré, sedhéla menèh rak banjur
peteng. Luwih becik nginep kéné waé,
lan seneng-senenga, sésuk tangia ésuk
lan muliha."
10 Nanging wong Lèwi mau ora gelem
nginep menèh. Banjur mangkat karo
seliré lan baturé sarta kuldiné loro,
sing wis dipakèhi. Bareng ngadhepaké
surup lakuné tekan cedhaké Yébus
(Yérusalèm). Batur mau matur
bendarané, "Ndara, prayoginipun kita
sami nyipeng ing kitha Yébus kémawon."
11 (19:10)
12 Nanging bendarané mangsuli, "Ora!
Kita aja nginep ing panggonan sing
penduduké dudu wong Israèl. Kita mlaku
terus waé, mengko sedhéla engkas kita
rak wis tekan Gibéa (Rama), banjur
nginep ing kono."
13 (19:12)

14 Banjur padha nerusaké lakuné lan
ora nginep ing Yébus. Nalika lakuné
tekan Gibéa, wilayahé taler Bènyamin,
srengéngéné wis surup.
15 Karepé arep nginep ing kutha kono,
banjur linggihan ana ing alun-alun;
nanging bareng golèk penginepan ora
ana wong sing gelem kanggonan. Mulané
banjur linggihan ing alun-alun.
16 Nalika isih padha linggih ing kono,
ana wong tuwa sing lagi bali saka
pategalané teka mrono. Wong mau
asalé saka daérah pegunungan Éfraim,
nanging saiki manggon ing Gibéa.
(Penduduk liya-liyané ing Gibéa kuwi
wong-wong taler Bènyamin.)
17 Bareng wong tuwa mau weruh wong
Lèwi lungguh ing alun-alun nuli ditakoni.
"Sampéyan saking pundi lan badhé
dhateng pundi?"
18 Wangsulané wong Lèwi mau, "Kula
nembé dhateng saking Bètléhèm,
tanah Yudéa, badhé wangsul dhateng
griya kula ing paredèn Éfraim. Mboten
wonten tiyang setunggal kémawon ing
antawisipun penduduk ngriki ingkang
purun nampi kula ing griyanipun.

19 Kula mboten mbetahaken menapa-
menapa, mergi sangu kula cekap.
Damèn lan tedhanipun kéwan, kula
sampun mbekta; mekaten ugi kanggé
kula piyambak, sémah lan réncang kula,
sampun wonten roti lan anggur."
20 Wong tuwa mau banjur kandha,
"Sampun kuwatos, nyipeng kémawon
dhateng panggènan kula, mboten sisah
tilem ing alun-alun ngriki."
21 Wong tuwa mau banjur ngajak
tamu-tamuné menyang omahé, sarta
makani kuldi-kuldiné tamuné. Sawisé
mengkono wong mau banjur wisuh,
mengkono uga tamu-tamuné, banjur
padha mangan.
22 Lagi padha seneng-seneng
mengkono, dumadakan omah mau
dikepung déning wong-wong ala ing
kutha kono. Wong-wong mau padha
dhodhog-dhodhog lawang lan nyeluki
wong tuwa sing duwé omah kono,
"Tamumu lanang sing kokajak nginep
ing omahmu kuwi gawanen mréné, arep
dakjak turu!"
23 Wong tuwa mau banjur metu, lan
kandha karo wong-wong mau mengkéné,
"Aja mengkono ta, sedulur-sedulur!

Penjalukku mbok kowé aja nindakaké
sing kaya mengkono, merga wong kuwi
rak tamuku!
24 Seliré lan anakku wadon sing isih
prawan waé bakal dakgawa metu,
arep kokkapakaké sakarepmu. Nanging
aja nindakaké sing ora patut marang
tamuku!"
25 Nanging wong-wong ala mau
padha ora ngrèwès marang tembungé
wong tuwa kuwi. Wong Lèwi mau
banjur nyandhak seliré, digawa metu,
diulungaké marang wong-wong ala
mau. Wong wadon mau banjur padha
dirodha-peksa tekan ésuk.
26 Bareng wis byar, wong wadon mau
bali, nanging tekan ngarep lawangé
omahé wong tuwa sing diinepi bojoné,
wong wadon mau tiba. Nganti wayahé
srengéngé mlethèk wong wadon mau
isih ana ing kono.
27 Bareng sing lanang tangi lan mbukak
lawang arep budhal, weruh seliré
gumléthak ing ngarep lawang; tangané
siji isih cekelan lawang.
28 Tembungé sing lanang, "Tangia,
ayo kita padha budhal." Nanging wong
wadon mau wis ora mangsuli, merga wis

mati. Wong Lèwi banjur ngangkat sing
mati disèlèhaké ing gegeré kuldiné.
29 Satekané ngomah, wong Lèwi mau
banjur njupuk péso. Layoné seliré
ditengkel-tengkel dadi rolas, dikirim
marang klompok Israèl rolas, saben
klompok satengkel.
30 Angger wong sing weruh padha muni,
"Kedadéan mengkéné iki durung tau
kelakon, wiwit bangsa Israèl metu saka
tanah Mesir tekan sepréné. Prekara iki
ora kena kita nengaké waé; kudu kita
rembug lan kita rampungaké."

20 1 Umat Israèl kabèh padha nekani
uleman mau, wiwit saka Dhan
ing sisih Lor, tekan Bèrsyéba ing sisih
Kidul lan Gileád ing sisih Wétan, padha
nglumpuk dadi siji ana ing ngarsané
Pangéran, ing Mizpa.
2 Cacahé kabèh patang atus èwu
prejurit. Para pemimpiné taler-taler
Israèl uga nglumpuk kabèh ing kono.
3 Déné wong-wong Bènyamin uga wis
krungu, yèn wong Israèl liyané wis
nglumpuk kabèh ing Mizpa. Wong Israèl
padha nakoni wong Lèwi, sing nengkel-
nengkel layoné seliré mengkéné,
"Critakna kepriyé lelakon ala sing

semono gedhéné kuwi!" Wangsulané
wong Lèwi mau, "Aku lan selirku lagi
nginep ing Gibéa, ing wilayah Bènyamin.
4 (20:3)
5 Nuli ing wayah bengi wong-wong
Gibéa padha teka nggolèki aku. Omah
sing dakenggo nginep dikepung. Wong-
wong nedya arep gawé ala marang
aku, nanging wusanané selirku sing
dirodha-peksa nganti mati.
6 Mulané mayité banjur daktengkel-
tengkel dadi rolas, dakkirimaké marang
saben taleré Israèl setengkel. Enggonku
tumindak mengkono kuwi merga
wong-wong Gibéa wis nglakoni piala sing
ngisin-isinaké umat Israèl.
7 Para sedulur sing nglumpuk ing kéné
kuwi wong Israèl. Dadi aku njaluk
penemumu kabèh!"
8 Wong-wong sing padha nglumpuk ing
kono, kabèh banjur padha ngadeg lan
muni, "Aja ana wong siji waé ing antara
kita sing mulih.
9 Beciké Gibéa kita serang, lan sapa
sing kudu nyerang kita undhi.
10 Saprasepuluhé wong Israèl kudu
nyedhiakaké pangan kanggo sing
perang. Liyané kudu nyerang Gibéa lan

males piala sing wis ditindakaké ing
tengahé umat Israèl."
11 Mengkono umat Israèl mau enggoné
saiyeg arep nyerang kutha Gibéa.
12 Sawisé mengkono umat Israèl banjur
ngutus wong sawetara nemoni taler
Bènyamin, diweling mengkéné, "Duraka
sing kelakon ing tengahmu kuwi gedhé
banget.
13 Mulané wong-wong sing nindakaké
piala kuwi ulungna marang aku, supaya
dakpatèni lan srana mengkono kowé
dadi padha resik ing satengahé bangsa
Israèl." Nanging wong-wong Bènyamin
ora nggatèkaké tembungé umat Israèl
mau.
14 Wong-wong Bènyamin malah
padha nglumpuk saka ing kutha-kutha
liyané mengang Gibéa, arep nglawan
wong-wong Israèl liyané.
15 Malah ing dina kuwi taler Bènyamin
nglumpukaké tentara nemlikur èwu
saka kutha-kuthané. Déné Gibéa dhéwé
nglumpukaké wong pilihan pitung atus,
kabèh wong kédhé, padha titis mbandhil
nganggo watu. Yèn mbandhil ora tau
mlèsèt.
16 (20:15)

17 Déné ing pihaké wong Israèl liyané
wis nglumpuk tentara pilihan, cacahé
patang atus èwu.
18 Umat Israèl banjur padha ndedonga
ing Bètèl, lan matur marang Allah, "Taler
pundi ing antawis kawula ingkang kedah
miwiti nyerang tiyang Bènyamin?" Gusti
Allah paring wangsulan, "Taler Yéhuda!"
19 Ésuké wong Israèl padha budhal lan
pasang kémah ing sacedhaké Gibéa.
20 Tentarané banjur ditata ing ngarepé
kutha, banjur nyerang tentarané
Bènyamin.
21 Tentarané wong Bènyamin banjur
metu, gentèn nyerang, lan sedina kuwi
matèni wong Israèl rolikur èwu.
22 Tentara Israèl merga kalah banjur
mundur lan ndedonga karo nangis ana
ing Bètèl nganti bengi. Aturé, "Dhuh
Pangéran, menapa kawula prelu majeng
perang malih kaliyan sedhèrèk-sedhèrèk
kawula, tiyang Bènyamin menika?"
Paring wangsulané Pangéran, "Iya,
mangkata." Tentara Israèl gedhé atiné
lan nata pasukané kaya sing uwis,
23 (20:22)
24 banjur mindhoni serangané marang
tentarané wong Bènyamin.

25 Wong-wong Bènyamin iya banjur
metu lan gentèn nyerang, sarta matèni
tentara Israèl sing pilihan cacahé wolulas
èwu.
26 Umat Israèl banjur bali menèh
ndedonga ing Bètèl karo nangis ing
ngarsané Pangéran. Ana ing kana padha
nglakoni pasa nganti bengi, lan padha
nyaosaké kurban keslametan lan kurban
dhaharan marang Allah.
27 Ing wektu kuwi Pethiné Prejanjian
ana ing Bètèl. Sing dadi Imam Pinéhas,
anaké Èléazar, putrané Harun. Wong-
wong Israèl nuli nyuwun pirsa menèh
marang Allah, "Dhuh Pangéran, menapa
kawula prelu majeng perang malih
nyerang sedhèrèk-sedhèrèk kawula
tiyang-tiyang Bènyamin menika, menapa
kula kedah kèndel?" Paring wangsulané
Pangéran, "Serangen! Sésuk wong-wong
Bènyamin kuwi Dakulungaké marang
kowé."
28 (20:27)
29 Krungu pangandikané Pangéran mau,
wong Israèl banjur mangkat menèh lan
ana sapérangané tentarané sing dikon
ndhelik ing sakubengé Gibéa.

30 Ing dina kateluné tentara Israèl
nyerang wong Bènyamin. Tentarané
Israèl mau ditata kaya dhèk nyerang ing
dina kapisan lan kapindho.
31 Tentarané wong Bènyamin uga genti
nyerang lan metu saka kutha. Kaya
sing uwis-uwis, tentarané Bènyamin
mau matèni tentara Israèl ing njaban
kutha, lan ing dalan sing tekan Bètèl, lan
ing Gibéa. Ana ing kono padha matèni
tentara Israèl telung puluh.
32 Mulané tentara Bènyamin mau padha
sesumbar, "Kita wis ngalahaké tentara
Israèl menèh kaya sing uwis-uwis."
Nanging tentara Israèl wis ngrancang
éthok-éthok mundur kanggo mancing
supaya tentara Bènyamin metu adoh
saka kutha lan perang ing dalan-dalan
gedhé.
33 Bareng tentara Israèl mundur lan
nata barisané ing Baal-Tamar, tentarané
sing didhelikaké ing sakubengé Gibéa
énggal-énggal padha metu saka
pandhelikané ing njaban kutha.
34 Kabèh ana sepuluh èwu, yakuwi
prejurit-prejurit sing dipilih saka
antarané tentara Israèl kabèh. Prejurit-
prejurit Israèl mau nuli nyerang Gibéa.

Perangé ramé banget. Wong Bènyamin
ora ngira babar-pisan yèn ora suwé
menèh bakal kalah.
35 Wong-wong Bènyamin dipasrahaké
déning Gusti Allah ing tangané wong
Israèl. Ing dina kuwi tentara Israèl
matèni wong Bènyamin selawé èwu
satus.
36 (20-36a) Wong Bènyamin lagi krasa
yèn pancèn kalah temenan. (20-36b)
Tentara Israèl sing pokok éthok-éthok
mlayu nyingkiri tentara Bènyamin,
merga njagakaké tentarané sing
didhelikaké ana ing sakubengé Gibéa.
37 Tentara sing ndhelik mau énggal-
énggal nyerbu Gibéa, sarta mencar,
matèni kabèh wong sing ana ing kutha
kono.
38 Nanging sadurungé wis kangsèn, yèn
ana kukus kandel kumelun ing tengah
kutha,
39 tentara pokok sing éthok-éthok
mlayu mau kudu mbalik lan nyerang
mungsuh. Nalika semono tentara
Bènyamin wis matèni tentara Israèl
telung puluh. Wong-wong Bènyamin
sesumbar, "Tentara Israèl wis kita
kalahaké kaya sing uwis-uwis."

40 Nanging dumadakan ana kukus
kandel kumebul saka ing satengahé
kutha Gibéa. Wong-wong Bènyamin
bareng nolèh padha kagèt weruh
kuthané wis diobong kabèh.
41 Ing wektu kuwi uga tentarané wong
Israèl sing pokok mbalik, mula tentarané
Bènyamin gugup merga krasa yèn ora
suwé menèh bakal kalah.
42 Banjur padha mlayu nyingkiri tentara
Israèl menyang daérah njaban kutha,
éwasemono ora bisa lolos. Tentarané
Bènyamin dikepung déning tentara inti
Israèl lan pasukan Israèl liyané sing
metu saka kutha. Wong Bènyamin kalah
nganti presasat ludhes,
43 merga dikepung lan dioyak déning
tentara Israèl tekan ing panggonan
sawétané kutha Gibéa.
44 Sajroné ngoyak mau tentara Israèl
matèni prejurit Bènyamin sing pilihan
wolulas èwu.
45 Tentarané Bènyamin ana sing mbalik
lan mlayu metu ara-ara samun menyang
pegunungan watu ing Rimon. Ing
antarané prejurit sing keplayu mau
limang èwu dipatèni ing dalan. Sisané
dioyak terus tekan kutha Gidéom. Saka

wong-wong mau rong èwu sing kecekel
lan dipatèni.
46 Dadi tentarané wong Bènyamin dina
kuwi sing dipatèni selawé èwu, kabèh
prejurit-prejurit sing peng-pengan.
47 Nanging ana wong nem atus
sing lolos merga mlayu metu daérah
pesamunan menyang gunung-gunung
watu ing Rimon. Wong-wong mau padha
ndhelik ing kono patang sasi.
48 Nanging wong Israèl mbalik mrono
menèh, banjur nyerang lan matèni
kekarèné wong Bènyamin kabèh: wong
lanang, wong wadon, bocah-bocah apa
déné raja-kayané. Lan sakèhé kutha ing
daérah kono diobong ludhes.

21 1 Nalika wong Israèl padha
nglumpuk ing Mizpa, padha janji
ora bakal ngidini anaké wadon dipèk
wong Bènyamin.
2 Wong-wong mau nuli padha menyang
Bètèl, kanthi sedhih sowan ing ngarsané
Pangéran nganti bengi. Wong-wong mau
padha nangis, pangucapé,
3 "Dhuh Pangéran, Allahipun Israèl,
kénging menapa ing Israèl wonten
lelampahan kados mekaten? Kénging
menapa déné ing dinten menika taler

Bènyamin, salah setunggaling taler ing
Israèl mèh telas!"
4 Ésuké, umat Israèl isih ésuk wis
padha yasa mesbèh ana ing kono, sarta
nyaosaké kurban obongan lan kurban
keslametan.
5 Sawisé mengkono nuli padha nliti,
apa ing antarané taler-taler ing Israèl
ana sing ora mèlu nglumpuk ing Mizpa.
(Dhèk semana wong-wong mau wis
padha sumpah, yèn sapa sing ora nekani
uleman nglumpuk ana ing Mizpa bakal
diukum pati.)
6 Wong Israèl padha mesakaké karo
wong Bènyamin, tembungé, "Ing dina iki
Israèl kélangan salah sijiné taleré.
7 Apa sing kudu kita tindakaké, supaya
wong Bènyamin sing isih kari iki bisa
olèh bojo, merga kita wis sumpah ana
ing ngarsané Allah ora arep ngidinaké
anak-anak kita wadon dipèk bojo wong
Bènyamin."
8 Wong Israèl mau banjur padha nliti
apa ana kulawarga ing antarané taler-
taler Israèl sing ora nekani kumpulan ing
Mizpa. Ketitik yèn wong-wong Yabès, ing
Giléad, siji waé ora ana sing teka.

9 Konangané nalika daftaré sing padha
teka dipriksa; ing kono ketara yèn wong
Yabès ora ana ing kono.
10 Mulané wong-wong sing padha
kumpul ing Bètèl mau nuli ngutus wong
rolas èwu sing kendel dhéwé, supaya
matèni wong Yabès kabèh, klebu uga
wong wadon lan bocah-bocah.
11 Ringkesé wong lanang kabèh
lan wong wadon kabèh, sing wis
omah-omah.
12 Saka ing antarané wong Yabès mau
mung kari prawan patang atus. Prawan-
prawan mau nuli digawa menyang
palèrènan ing Silo, sing papané ana ing
tanah Kenaan.
13 Wong-wong Israèl mau banjur kirim
utusan menyang wong-wong Bènyamin
sing isih padha ana ing gunung-gunung
watu ing Rimon diajak rukunan.
14 Mulané wong-wong Bènyamin banjur
padha teka, lan diwènèhi prawan
Yabès patang atus, sing ora katut
dipatèni. Nanging cacahé bocah wadon
semono mau ora cukup kanggoné wong
Bènyamin.

15 Umat Israèl padha mesakaké marang wong Bènyamin, déné Gusti Allah wis ngrenggangaké pasedulurané ing Israèl.
16 Mulané para tetuwané umat banjur padha muni mengkéné, "Ing taler Bènyamin wis ora ana wong wadon. Mangka kita ora bisa ngidini anak-anak kita wadon dipèk wong Bènyamin, merga kita wis gawé larangan nganggo sumpah, yèn kita ora kena ngidinaké anak kita dipèk bojo wong Bènyamin! Saiki kepriyé rékané supaya wong Bènyamin bisa olèh bojo, supaya bangsa Israèl ora kélangan salah sijiné taleré. Kita kudu golèk cara supaya wong saka taler Bènyamin bisa duwé turun.
17 (21:16)
18 (21:16)
19 Beciké mengkéné waé! Saben taun ing Silo rak dianakaké kumpulan, yakuwi kraméan kagem Allah! Mapané ing saloré Bètèl, sawétané dalan sing munggah saka Bètèl menyang Sikèm, sakidulé Lébonah."
20 Para tetuwané kumpulan ing Bètèl mau nuli weling karo kekarèné wong Bènyamin, "Ngadhepaké dina kraméan

mengko, kowé padha ndhelika ing
pakebonan anggur ing Silo.
21 Mengko yèn prawan-prawan Silo
padha metu lan padha njogèd ing
kraméan sing kagem Allah, kowé metua
saka papan pandhelikanmu. Saben wong
panunggalanmu mlayokna prawan sing
ana ing kono, gawanen menyang wilayah
Bènyamin, pèken bojo.
22 Yèn bapak utawa seduluré lanang
prawan mau njaluk baliné, wangsulana,
‘Kersanipun laré èstri menika wonten
ngriki, sebab mboten kula rampas
wonten ing peprangan. Lan sarèhné
panjenengan mboten ngidinaken laré
èstri menika kula pendhet sémah,
panjenengan inggih mboten nerak
sumpah panjenengan, dados inggih
mboten kalepatan.’"
23 Wong-wong Bènyamin banjur padha
nglakoni welingé para pinituwa mau.
Saben wong mlayokaké prawan sing
padha njogèd ing Silo. Sawisé mengkono
banjur padha bali menyang wilayahé
dhéwé lan mbangun kutha-kuthané
menèh, sarta padha manggon ing kono.

24 Wong-wong Israèl liyané uga banjur
padha bali menyang wilayahé, manut
turun lan taleré dhéwé-dhéwé.
25 Nalika semono ing Israèl ora ana
raja. Angger wong nglakoni apa sing
dianggep bener.

Rut

1 [1] Dhèk jamané Para Hakim ing tanah
Israèl tau ana pailan.[a] Nalika semono
ana wong lanang jenengé Élimèlèk, saka
kulawarga Éfrat. Manggoné ing kutha
Bètléhèm, wilayah Yéhuda. Merga saka
pailan mau Élimèlèk lan bojoné, sing
jeneng Naomi, lan anaké lanang loro
ngungsi menyang tanah Moab. Nanging
nalika ana ing Moab,
[2] (1:1)
[3] Élimèlèk mati; dadi Naomi mung kari
karo anaké loro, jenengé Mahlon lan
Kilyon.
[4] Loro-loroné padha kawin olèh wong
Moab, jenengé Orpa lan Rut. Let sepuluh
taun,
[5] Mahlon lan Kilyon iya padha mati,
mula Naomi kari ijèn.
[6] Let sawetara mangsa Naomi krungu
kabar yèn panèné umat Israèl diparingi
metu. Mulané Naomi rasanan karo
mantuné loro, arep bali menyang
Bètléhèm.

---

[a] pailan: awis tedha, paceklik.

7 Banjur padha budhal bebarengan
menyang tanah Yéhuda.
8 Kandhané Naomi karo mantuné
loro, "Kowé padha muliha menyang
omahé wong tuwamu waé. Muga-muga
Pangéran mberkahi kowé, merga
enggonmu wis gawé becik marang aku
lan anak-anakku sarta bojoku.
9 Muga-muga Gusti Allah maringi jodho
marang kowé, lan kowé padha duwé
brayat." Sawisé mengkono Naomi banjur
ngambungi mantuné loro mau arep
pepisahan. Nanging Orpa lan Rut padha
nangis,
10 kandhané marang Naomi, "Mboten
bu! Kula badhé tumut panjenengan
wangsul dhateng panggènanipun bangsa
panjenengan."
11 Tembungé Naomi, "Aja nggèr, luwih
becik kowé padha bali waé. Apa gunané
mèlu aku? Aku rak wis ora bisa duwé
anak lanang sing kena dakolèhaké kowé
(kawin levirat).[b]

---

[b]kawin levirat: Miturut adat tata-caranipun tiyang Yahudi, tiyang jaler ingkang sampun émah-émah, lajeng pejah tanpa nilar anak jaler, menika randhanipun kedah dipun nikah déning salah setunggaling sedhèrèkipun ingkang tilar-donya wau. (AT. 25:5-6).

12 Padha muliha waé, sebab aku wis
tuwa, ora bakal omah-omah menèh. Lan
saupama aku dina iki kawin menèh lan
duwé anak lanang,
13 apa kowé ora kudu ngentèni nganti
bocahé gedhé? Apa ora luwih becik yèn
kowé padha kawin karo wong liyané?
Wis ta nggèr, mokal yèn kowé bisa kawin
menèh karo anakku."
14 Mantuné padha nangis menèh,
wekasané Orpa ngambung maratuwané,
mujèkaké slameté laku, banjur mulih.
Nanging Rut ora gelem ninggal Naomi.
15 Naomi banjur kandha mengkéné,
"Ndhuk, Orpa wis mulih, bali menyang
panggonané bangsané lan brahala-
brahala sesembahané. Apa ora luwih
becik kowé iya mèlu mulih?"
16 Nanging Rut mangsuli, "Ibu,
mbok sampun akèn kula wangsul
nilar panjenengan! Kula badhé tumut
panjenengan. Dhateng pundi kémawon
kula badhé tumut. Senajan ibu badhé
manggèn ing pundi kémawon, kula
inggih badhé manggèn wonten ing
ngriku. Bangsanipun ibu, inggih bangsa
kula; Allahipun ibu, inggih Allah kula.

17 Menawi ibu tilar-donya, kula inggih
badhé pejah lan kakubur wonten ing
ngriku. Èstu, mugi Gusti Allah paring
paukuman ingkang saklangkung awrat,
saupami kula ngantosa pisah kaliyan
ibu, kejawi menawi sampun pejah!"
18 Naomi weruh yèn Rut kenceng niaté
arep mèlu, mulané wis ora dirembug
menèh.
19 Wong loro mau padha nerusaké
lakuné tekan Bètléhèm. Satekané ing
kono, wong sakutha padha kagèt. Wong
wadon-wadon padha kandha, "Apa kuwi
Naomi[c] temenan?"
20 Wangsulané Naomi, "Aja nyeluk aku
Naomi. Celuken Mara,[d] merga Allah sing
Mahakwasa wis ngersakaké aku ngalami
prekara sing pait akèh banget.
21 Nalika lunga saka kéné uripku sarwa
kecukupan, nanging saiki Pangéran
ngirid aku bali mréné tanpa nggawa
apa-apa. Mulané, kowé ora susah nyeluk
aku Naomi menèh, merga aku wis
diukum, ngalami kasangsaran akèh!"

---

[c]Naomi: ing basa Ibrani Naomi tegesipun: ngresepaken, mbingahahaken.

[d]Mara: ing basa Ibrani tegesipun: pait, getir.

22 Mengkono critané enggoné Naomi
bali saka Moab bebarengan karo Rut,
mantuné, wong Moab. Nalika semono
ing Bètléhèm lagi nedheng-nedhengé
panèn jewawut.

2 1 Ing Bètléhèm kono Naomi duwé
sedulur saka kulawargané Élimèlèk,
bojoné. Wongé sugih lan kajèn kéringan.
Jenengé Boas.
2 Ing sawijining dina Rut pamit karo
Naomi, "Bu, kula badhé késah dhateng
sabin, ngasag[e] jewawut. Kula ngertos
mesthi angsal tumut ngasag ing
ngriku." Wangsulané Naomi, "Ya, kena,
mangkata!"
3 Rut banjur budhal, nglumpukaké
jewawut sing kècèr ing mburiné para
wong sing padha derep.[f] Kebeneran
sawah mau duwèké Boas, sing isih
keprenah sedulur karo Élimèlèk.
4 Ora let suwé Boas teka saka Bètléhèm
lan awèh salam karo para buruhé, "Allah
mberkahana kowé kabèh." Wangsulané

---

[e]ngasag: mendheti pantun utawi jewawut ingkang gogrog utawi kalangkungan nalika pantun utawi jewawut dipun enèni.

[f]derep: berah ngenèni.

para buruhé, "Sami-sami. Mugi Allah
inggih mberkahi panjenengan."
5 Boas banjur takon karo mandhoré,
"Wong wadon kaé sapa?"
6 Wangsulané mandhoré, "Menika tiyang
manca, ingkang dhateng sesarengan
kaliyan Naomi, saking tanah Moab.
7 Tiyang menika sampun nyuwun idin
dhateng kula tumut ngasag ing ngriki.
Anggènipun wonten ngriki sampun wiwit
énjing wau, samenika nembé ngéyub
ngiras ngaso."
8 Boas banjur kandha karo Rut, "Kowé
ora susah ngasag jewawut ing sawahé
wong liya. Ngasaga ing kéné waé.
Ngetutna wong-wong wadon sing
padha nyambut-gawé ing kéné, mèlua
wong-wong kuwi waé, ora susah lunga
adoh-adoh. Para buruh lanang wis padha
dakkandhani supaya aja ngganggu
kowé. Yèn kowé ngelak, ngombéa ing
panggonan sing wis dicawisaké kanggo
para buruh."
9 (2:8)
10 Krungu tembungé Boas mau, Rut
banjur sujud ana ing ngarepé Boas
lan kandha mengkéné, "Pak, kula
menika tiyang manca, kula bingah

déné panjenengan saé dhateng kula lan
nggatosaken kawontenan kula."
11 Boas mangsuli, "Aku wis ngrungu
kabèh bab kabecikanmu marang ibumu
maratuwa sawisé bojomu tinggal-donya.
Aku ngerti yèn kowé ninggal wong tuwa
lan tanahmu, sarta manggon ing kéné
bebarengan karo wong-wong sing ora
kokkenal.
12 Muga-muga Pangéran males marang
kabecikanmu, lan sarèhné kowé wis
ngungsi marang Pangéran, Allahé Israèl,
muga-muga saterusé Panjenenganè
ngayomi marang kowé."
13 Kandhané Rut, "Èstu panjenengan
sampun damel saé dhateng kula.
Kula bingah déné panjenengan kersa
ngandika mekaten, senajan drajat kula
menika langkung asor ketimbang kaliyan
berah panjenengan."
14 Bareng wektuné buruh padha lèrèn,
Boas kandha karo Rut, "Mangana ing
kéné, iki roti lan lawuhé." Rut banjur
lungguh mangan bebarengan karo
para buruh. Boas uga mènèhi Rut roti
panggang. Rut mangan nganti wareg.
Malah olèhé mangan ora entèk.

15 Sawisé mangan, Rut ngasag jewawut
menèh. Sawisé Rut lunga, Boas kandha
karo buruh-buruhé, "Karebèn wong
wadon kuwi ngasag ing panggonan sing
jewawuté wis dibentèli. Aja kokresiki.
Malah jewawut sing wis kokbentèli kuwi
lolosana sethithik-sethithik, lan tibakna
ing lemah supaya dijupuki wong kuwi."
16 (2:15)
17 Rut enggoné ngasag jewawut ing
sawah kono nganti surup. Jewawuté
banjur diiles supaya pisah saka gagangé.
Bareng diklumpukaké olèh sepuluh
kilogram.
18 Olèh-olèhané mau digawa mulih
menyang kutha lan dituduhaké ibuné
maratuwa. Kejaba kuwi ibuné maratuwa
diolèh-olèhi pangan sing disisihaké saka
cadhongé, sing dipangan awané.
19 Naomi banjur takon, "Iki olèhmu saka
ngendi? Kowé ngasag ana ing sawahé
sapa? Muga-muga Pangéran mberkahi
wong sing duwé sawah kuwi." Rut nuli
kandha karo maratuwané yèn sawah
sing diasagi kuwi duwèké Boas.
20 Kandhané Naomi, "Lho, kuwi rak
isih seduluré dhéwé. Kuwi sedulur sing
cedhak dhéwé karo kulawarga kita, sing

kuwajiban mbantu kita. Muga-muga
Pangéran mberkahi Boas. Gusti Allah
mesthi netepi janjiné, iya marang wong
sing urip, iya marang wong sing wis
mati."
21 Tembungé Rut marang ibuné,
"Bu, tiyang menika criyos, bilih kula
kedah ngasag sesarengan kaliyan
berah-berahipun, ngantos panènipun
rampung."
22 Wangsulané Naomi, "Ya kena, enggèr.
Pancèn luwih becik kowé nyambut-gawé
bebarengan karo para buruhé wadon
ana ing sawahé Boas. Merga yèn kowé
ngasag ana ing sawahé wong liya, bisa
uga kowé diganggu!"
23 Mulané Rut nerusaké enggoné ngasag
ana ing sawahé Boas, nganti jewawut lan
gandumé wis dipanèni kabèh. Lan Rut
tetep manggon karo ibuné maratuwa.
3 1 Ora let suwé Naomi kandha karo
Rut mengkéné, "Aku arep golèk
dalan, supaya kowé bisa omah-omah
menèh, lan ngopèni brayatmu dhéwé.
2 Kowé rak nyambut-gawé bebarengan
karo wong wadon-wadon ing sawahé
Boas ta? Boas kuwi isih seduluré
awaké dhéwé. Saiki kowé dakkandhani

mengkéné: Soré iki Boas bakal teka ana
ing sawahé, ngresiki jewawuté.
3 Mulané kowé adusa, dandana,
sandhanganmu sing apik dhéwé
enggonen, lan nganggoa lenga wangi
sethithik. Sawisé mengkono kowé
maranana Boas, sing lagi ngresiki
jewawuté. Ngentènana ana ing kono
nganti dhèwèké rampung enggoné
mangan lan ngombé, mung aja nganti
kaweruhan Boas, yèn kowé ana ing
kono.
4 Titènana panggonané turu. Yèn
Boas wis turu, paranana, kemulé sikil
bukaken, banjur turona ing sacedhaké
sikilé.[g] Mengko kowé bakal dikandhani
apa sing prelu koklakoni."
5 Wangsulané Rut, "Inggih, bu. Kula
badhé nglampahi menapa ingkang dados
dhawuhipun ibu."
6 Rut banjur mangkat menyang
panggonané wong-wong sing padha
ngiles jewawut. Ana ing kono Rut
nindakaké welingé ibuné maratuwa.

---

[g]Miturut tata-cara Yahudi: tiyang èstri mbikak kemul lan tilem ing sacelaking sukunipun tiyang jaler menika minangka tandha, bilih tiyang èstri wau nyuwun pangayoman (Rut 3:9).

7 Bareng rampung enggoné mangan
lan ngombé, Boas sing atiné lagi
seneng mau banjur mapan turu, cedhak
tumpukan jewawut. Bareng Boas wis
turu, Rut banjur teka lan alon-alon
mbukak slimuté Boas, sarta teturon
cedhak ing sikilé.
8 Tengah wengi Boas nglilir; kagèt
banget weruh ana wong wadon turon ing
kono.
9 Banjur ditakoni, "Kowé kuwi sapa?"
Wangsulané Rut, "Kula Rut, pak!
Panjenengan menika sedhèrèk kula
ingkang celak piyambak, ingkang
kuwajiban nanggel panggesangan kula.
Dados bapak kuwajiban nebus kula."
10 Wangsulané Boas, "Kowé diberkahi
déning Pangéran. Saiki ketitik yèn
kabecikanmu marang kulawarga kita
luwih gedhé ketimbang karo sing wis
koklakoni marang ibumu maratuwa.
Kowé rak bisa waé golèk bojo wong sing
isih nom, sing sugih utawa sing miskin,
nanging kowé ora gelem nindakaké sing
mengkono.
11 Mulané, aja sumelang, Rut.
Penjalukmu bakal dakleksanani. Sakutha

kéné kabèh wis padha ngerti yèn kowé
kuwi wong becik.
12 Pancèn bener, yèn aku sing kudu
nanggung panguripanmu, merga aku
iki sedulurmu cedhak. Nanging isih
ana wong liya menèh, sing iya duwé
kuwajiban, yakuwi wong sing luwih
cedhak karo kowé tinimbang aku.
13 Bengi iki kowé ngentènana ana ing
kéné. Sésuk-ésuk wongé daktakonané
apa saguh nindakaké kuwajibané kanggo
kowé apa ora. Yèn dhèwèké gelem,
ya sukur. Déné yèn ora, aku janji ing
ngarsané Allah, yèn aku bakal netepi
tanggung jawabku. Saiki becik turua ing
kéné nganti ésuk."
14 Rut banjur turu ing kono, cedhak
sikilé Boas. Ésuk umun-umun, nalika isih
peteng kabèh, Rut wis tangi, supaya aja
konangan wong. Merga Boas ora seneng
yèn nganti ana wong weruh Rut turu ing
kono.
15 Kandhané marang Rut,
"Sléndhangmu jèrèngen ing kéné."
Rut banjur njèrèng sléndhangé. Boas
banjur nyuntak jewawut rong puluh
kilogram ana ing sléndhang, lan
ngréwangi ngangkat jewawut mau ing

pundhaké Rut. Sawusé iku Boas banjur
mulih menyang kutha.
16 Satekané Rut ing omah, ibuné
maratuwa takon, "Kepriyé nggèr
kabaré?" Rut banjur nyritakaké kabèh
sing dikandhakaké déning Boas.
17 Pangucapé Rut menèh, "Jewawut
menika inggih anggènipun nyukani,
margi piyambakipun sanjang, bilih kula
mboten kénging wangsul nglenthung."[h]
18 Tembungé Naomi, "Yèn mengkono
Rut, kowé ngentènana waé kepriyé
mengko dadiné. Boas ora bakal lèrèn-
lèrèn, yèn durung mbèrèsaké prekara iki
ing dina iki uga."

4 1 Boas banjur lunga menyang
gapuraning kutha sing lumrahé
kanggo rapat para pemimpiné masarakat
kutha kono. Bareng lungguh, ana
wong lanang liwat, yakuwi seduluré
kulawargané Élimèlèk sing cedhak
dhéwé. Wong mau banjur diundang
déning Boas, "Mangga, kula aturi
lenggah ngriki." Wong mau uga banjur
mrono lan lungguh.

---

[h] nglenthung: mboten mbekta menapa-menapa, mboten angsal damel.

2 Boas banjur ngajak wong sepuluh, para pemimpiné kutha, supaya mèlu lungguh bebarengan ing kono. Sawisé padha lungguh,
3 Boas banjur kandha karo wong sing isih keprenah seduluré mau mengkéné, "Naomi sampun wangsul saking Moab. Samenika badhé nyadé pasitènipun Élimèlèk, sedhèrèk kita.
4 Mesthinipun sampéyan inggih sampun mireng bab menika. Menawi sampéyan badhé numbas pasitèn menika sampéyan criyos samenika, ing ngajengipun para pemimpining masarakat. Menawi mboten, sampéyan criyos terus terang, mergi ingkang gadhah hak numbas siti menika nomer setunggal sampéyan, nomer kalih kula." Wangsulané wong mau, "Inggih, pasitèn menika kula tumbasipun."
5 Boas banjur kandha, "Inggih sampun leres mekaten, nanging menawi sampéyan tumbas pasitèn menika saking Naomi, sampéyan inggih kedah mendhet Rut, randha saking Moab menika dados sémah sampéyan; mergi pasitèn menika kedah tetep dados

gadhahanipun ahli warisipun tiyang
ingkang sampun pejah wau."
6 Wangsulané wong mau, "Menawi
mekaten wewenang kula numbas pasitèn
menika kula lepas kémawon, mergi
menawi kula tumbas mboten badhé
dados gadhanipun anak putu kula.
Langkung prayogi sampéyan kémawon
ingkang numbas."
7 Miturut adaté dol-tinuku utawa ijolan
palemahan dhèk semono, dianggep sah,
yèn wongé sing ngedol nyopot sandhalé
lan masrahaké sandhal mau marang
sing tuku. Mengkono carané wong Israèl
ngabsahaké dol-tinuku palemahan.
8 Mulané bareng wong mau kandha karo
Boas, "Yèn mekaten sampéyan kémawon
ingkang numbas," dhèwèké nuli nyopot
sandhalé lan masrahaké marang Boas.
9 Boas banjur kandha karo para
pemimpiné masarakat sing rapat ana
ing kono, "Ing dinten menika sampéyan
sedaya kula dadosaken seksi, bilih
kula sampun numbas saking Naomi
sedaya pasitèn gadhanipun Élimèlèk lan
anak-anakipun, inggih menika Kilyon lan
Mahlon.

10 Kejawi saking menika kula inggih
mendhet Rut, tiyang èstri Moab,
randhanipun Mahlon, dados sémah
kula. Srana mekaten siti menika badhé
tetep dados gadhanipun ahli-warisipun
tiyang ingkang sampun tilar-donya.
Anak-turunipun badhé tetep dados
setunggal lan tetep manggèn ing
dhusunipun kulawarga menika. Para
sedhèrèk sedaya kula purih neksèni."
11 Para pemimpiné masarakat lan
liya-liyané padha sarujuk, tembungé,
"Inggih, kula sami neksèni. Mugi-mugi
Gusti Allah ndadosna sémah sampéyan
kados Rahèl lan Léa, ingkang nglairaken
anak kathah kanggé Yakub. Mugi-
mugi sampéyan kaparingan bandha
kathah ing antawisipun tiyang-tiyang
turun-Éfraim lan dadosa tiyang ingkang
kajèn-kéringan ing kitha Bètléhèm.
12 Mugi-mugi anak-anak sampéyan
kaliyan tiyang èstri nèm menika
ndadosaken brayat sampéyan kados
brayatipun Pèrès, anakipun Yéhuda
kaliyan Tamar."

13 Rut banjur dadi bojoné Boas. Saka
berkahé Pangéran Rut banjur ngandheg[i]
lan duwé anak lanang.
14 Tembungé wong-wong wadon
marang Naomi, "Kaluhurna Pangéran!
Dina iki Pangéran wis maringi putu
lanang marang kowé lan sing bakal
ngopèni kowé. Muga-muga bocah iki
dadi wong sing misuwur ing Israèl!
15 Mantumu tresna marang kowé.
Jasané marang kowé ngungkuli jasané
anak lanang pitu. Malah saiki kowé olèh
putu lanang saka dhèwèké; kuwi bakal
gawé gedhéné atimu, merga bocah mau
sing bakal ngrumat kowé samasa kowé
wis jompo."
16 Naomi banjur nggéndhong bocah
mau lan dirumati kanthi tresna kaya
anaké dhéwé.
17 Para wong wadon tangga-teparoné
Naomi padha njenengaké bocah mau:
Obèd. Saben wong padha dikandhani,
"Saiki Naomi wis duwé anak lanang!"
Obèd kuwi mbésuké dadi bapakné Isai.
Déné Isai kuwi bapakné Raja Dawud.
18 Dadi silsilahé Dawud mau yèn
kawiwitan saka Pèrès mengkéné: Pèrès,

---

[i]ngandheg: mbobot, meteng.

Hézron, Aminadab, Nahason, Salmon,
Boas, Obèd, Isai, Dawud.
19 (4:18)
20 (4:18)
21 (4:18)
22 (4:18)

1 Samuel

1 [1] Ana wong lanang, jenengé Èlkana,
saka taler Éfraim; manggon ing
kutha Rama, ing wilayah pegunungan
Éfraim. Èlkana kuwi anaké Yéroham,
putuné Élihu; klebu kulawarga Tohu,
anaké Zuf.
[2] Èlkana duwé bojo loro, yakuwi Hana
lan Penina. Penina duwé anak, nanging
Hana ora.
[3] Saben taun Èlkana lunga saka Rama
prelu ngibadah ing Silo lan saos kurban
marang Gusti Allah Kang Mahakwasa.
Sing dadi imam ing Silo Hofni lan
Pinéhas, anak-anaké Èli.
[4] Angger Èlkana saos kurban, Penina lan
anaké kabèh diwènèhi bagéan daging
kurban mau.
[5] Hana iya diwènèhi, sebab Èlkana
tresna banget, senajan Gusti Allah ora
maringi anak marang dhèwèké.
[6] Hana tansah diserikaké lan dipoyoki
déning Penina, maruné, merga olèhé ora
diparingi anak mau.

7 Prekara kuwi nganti mataun-taun.
Saben padha menyang Pedalemané
Gusti Allah, Hana diserikaké atiné déning
Penina. Hana kerep nangis sarta nganti
ora gelem mangan.
8 Angger lagi mengkono, bojoné takon,
"Généya kowé nangis Hana? Ana apa
kowé ora gelem mangan lan katon
sedhih waé? Apa aku ora luwih pengaji
tinimbang bocah lanang sepuluh iku?"
9 Ing sawijining dina sawisé padha
mangan ing Pedalemané Gusti Allah
ing Silo, Hana ngadeg. Ing wektu kuwi
Imam Èli lagi linggih ing kursiné cedhak
lawang. Atiné Hana sedhih banget,
lan ndedonga marang Gusti Allah karo
mingseg-mingseg.
10 (1:9)
11 Hana janji, tembungé, "Gusti Allah
Ingkang Mahakwasa, mugi kersa
midhangetaken atur kawula! Mugi
mirsani kasangsaran kawula. Mugi
tansah ngèngeti dhateng kawula!
Menawi Paduka maringi anak jaler
dhateng kawula, kawula janji, badhé
kawula saosaken dhateng Paduka
sajegipun gesang, rambutipun mboten
badhé dipun cukur."

12 Hana enggoné ndedonga suwé
banget; Èli tansah nggatèkaké.
13 Hana ndedonga sajroning ati, dadi
mung lambéné sing umak-umik, nanging
swarané ora keprungu. Mulané Hana
dikira mendem.
14 Èli banjur kandha karo Hana, "Ana
ing kéné aja mendem! Aja ngombé
anggur menèh!"
15 Nanging Hana mangsuli, "Kula
mboten mendem, Pak. Babar-pisan kula
mboten ngombé anggur! Manah kula
sisah, kula saweg ndedonga, ngaturaken
sedaya kaprihatosan kula dhateng Gusti
Allah.
16 Kula sampun ngantos dipun kinten
tiyang èstri awon. Kula ndedonga kados
mekaten menika margi manah kula sisah
sanget."
17 Èli banjur kandha, "Yèn mengkono
mundura kanthi tentrem rahayu.
Muga-muga Allahé Israèl njurungana
panyuwunmu mau."
18 Wangsulané Hana, "Mugi-mugi
kelampahan kados pangandika
panjenengan menika." Hana banjur
lunga, sarta gelem mangan, merga atiné
wis ora sedhih.

19 Ing dina candhaké isih ésuk Èlkana
lan brayaté wis padha tangi. Sawisé
padha ngabekti marang Gusti Allah
banjur padha mulih menyang Rama.
Gusti Allah njurungi[a] pandongané Hana,
mulané
20 Hana dadi ngandhut lan banjur
nglairaké anak lanang. Anaké
dijenengaké Samuèl, tembungé, "Iku
enggonku nyuwun saka Gusti Allah."
21 Nalika semana wis wektuné Èlkana
lan brayaté lunga menyang Silo menèh,
prelu misungsungaké kurban taunan
marang Gusti Allah. Kejaba kuwi
Èlkana wis janji misungsungaké kurban
istiméwa.
22 Nanging ing wektu kuwi Hana ora
mèlu. Kandhané karo sing lanang,
"Sesampunipun Samuèl dipun sapih,
badhé énggal kula bekta dhateng
Pedalemanipun Allah, lan piyambakipun
badhé manggèn ing ngrika selaminipun."
23 Wangsulané Èlkana, "Iya becik,
tindakna apa waé sing kokanggep becik;
kowé anaa ing ngomah waé nganti
bocahé koksapih. Muga-muga Gusti
Allah minangkani apa sing dadi janjimu."

---

[a]njurungi: minangkani, ngleksanani.

Hana tetep ana ing omah nganti anaké
disapih.
24 Sawisé Samuèl disapih, senajan isih
cilik banget, banjur disaosaké ibuné
menyang Pedalemané Allah ing Silo.
Hana nggawa sapi lanang sing umuré
telung taun, gandum sepuluh kilogram,
sarta impes kebak anggur.
25 Sapiné dibelèh; déné Samuèl
diaturaké marang Èli.
26 Aturé Hana marang Èli, "Nyuwun
pangapunten, Pak. Menapa Bapak
taksih kèngetan kula? Inggih kula
menika tiyang ingkang sampun naté
panjenengan pirsani ngadeg ing ngriki,
ndedonga dhateng Gusti Allah.
27 Laré menika kawula suwun saking
Gusti Allah, sarta Gusti Allah sampun
minangkani panyuwun kawula menika.
28 Mila laré menika kawula aturaken
dhateng Gusti Allah supados dados
kagunganipun selaminipun." Sawisé
mengkono banjur padha sujud marang
Gusti Allah.

2 1 Hana banjur nglairaké pamuji,
tembungé, "Gusti Allah damel
bingahing manah kawula, peparingipun
nyegeraken nyawa kawula. Mengsah

kawula, kawula poyoki; tentrem manah
kawula, margi Gusti Allah saèstu sampun
nulungi kawula.
2 Sinten ingkang suci kados Gusti Allah?
Sinten ingkang hébat kados Yéhuwah?
Gusti kita saèstu tanpa tandhingipun!
3 Aja gumedhé tembungmu, aja
ngucapaké tembung saru! Sebab Gusti
iku Allah Kang Mahamirsa. Kang ngadili
sekabèhing tumindakmu.
4 Putung gendhéwané para perwira.
Nanging wong ringkih saya sentosa.
5 Sing mauné banget waregé sebab
lubèr-lubèr pangané, saiki dadi buruh
opahan, mung supaya olèh pangan.
Sing mauné padha banget luwéné, saiki
padha tentrem, cukup pangané. Bojo
kang gabug, saiki gedhé atiné, wis ping
pitu enggoné nglairaké. Nanging ibu sing
akèh anaké, diemohi, karebèn sangsara
uripé.
6 Gusti Allah kang ngganjar pati,
mengkono uga kang nguripi. Kang
ngedhunaké ing palimengan, lan
ngangkat menèh ing pangentasan.
7 Ana wong sing dirèmèhaké, ana
uga sing disugihaké. Ana wong sing
diasoraké, ana uga sing diluhuraké.

8 Saka ing lebu diangkat wong sing
kemlaratan, wong nistha dientas
saka ing kasangsaran. Padha dadi
kancaning para bangsawan, sarta uga
kaparingan kaurmatan. Dhasaring bumi
iku kagungané, sarta jagad kabangun
ing sandhuwuré.
9 Wong setya tansah tentrem ing ati,
ing sajroning pangayomaning Gusti.
Nanging ancur mumur wong duraka,
peteng ndhedhet kasangsara. Ora bisa
ngendelaké karosan, kekuwataning
manungsa ora awèh kemenangan.
10 Mungsuhé Allah padha giris, padha
lebur, ing langit gludhug geter pater,
Gusti Allah bakal ngadili, saisiné donya
iki, sarta maringaké pangwasa kang
mulya marang raja pilihané."
11 Èlkana lan brayaté banjur mulih
menyang ing Rama, nanging Samuèl
kèri ana ing Silo, ngabdi marang Gusti
Allah ana ing pengawasané Imam Èli.
12 Anak-anaké Èli iku padha wong ala;
padha ora manut dhawuhé Gusti Allah.
13 Dadi imam, padha tumindak
sewenang-wenang marang bangsa
Israèl. Yèn ana wong sing saos kurban
sembelèhan, abdiné imam mau teka karo

nggawa garpu lancipé telu. Nalika daging
mau digodhog garpuné dicublesaké ing
manci sing kanggo nggodhog daging
mau,
14 apa waé sing katut garpu dadi
duwèké imam. Wong Israèl kabèh sing
padha teka ing Silo prelu nyaosaké
kurban, tanggapané kaya mengkono.
15 Kadhang-kadhang, abdi mau malah
wis teka sadurungé gajihé diobong,
banjur ngucap marang wong sing
nyaosaké kurban mau, "Daging sing
isih mentah kuwi caosna imam arep
dipanggang; merga ora gelem nampa
daging godhogan."
16 Menawa wong mau mangsuli,
"Prayoginipun kita manut ing angger-
angger, langkung rumiyin gajih menika
dipun bakar; sesampunipun menika
kénging sampéyan pendhet sakajeng
sampéyan," batur mau banjur mangsuli,
"Ora, kudu kokwènèhaké saiki; yèn ora,
bakal dakrebut."
17 Kanthi mengkono anaké loro Imam
Èli mau gedhé dosané ing ngarsané
Gusti Allah, sebab babar-pisan ora padha
gelem ngurmati kurban saosan kagem
Gusti Allah.

18 Samuèl, anaké Hana, terus ngladèni
Gusti Allah. Dhèwèké nganggo klambi
saka kain léna, kaya klambiné para
imam nalika ngibadah.
19 Saben taun ibuné nggawèkaké
jubah cilik, banjur diwènèhaké marang
Samuèl, nalika bebarengan karo bojoné
teka nyaosaké kurban taunan.
20 Èli banjur mberkahi Èlkana lan
bojoné, sarta kandha karo Èlkana, "Karo
bojomu iki, muga-muga Gusti Allah
maringi anak menèh, minangka gantiné
sing wis koksaosaké marang Gusti
Allah." Sawisé mengkono banjur padha
mulih menyang Rama.
21 Hana diberkahi déning Gusti Allah,
nganti duwé anak menèh lanang telu
wadon loro. Déné Samuèl saya mundhak
gedhé ana ing ngarsané Gusti Allah.
22 Èli wis tuwa banget; tansah krungu
lapuran bab lelakoné anak-anaké sing
ora patut tumrap wong Israèl. Èli iya
ngerti yèn anak-anaké padha turu
karo wong-wong wadon sing tugas
ana ing ngareping lawangé Kémah
Palenggahaning Allah.
23 Merga saka kuwi banjur kandha karo
anak-anaké, "Aku wis nampa lapuran

saka para umat kabèh bab pokalmu sing
ora becik. Yagéné kowé padha nglakoni
mengkono?
24 Aja padha mengkono menèh, anakku.
Pancèn ala banget apa sing digunem
déning para umaté Gusti Allah prekara
kowé!
25 Yèn ana wong gawé dosa marang
pepadhané manungsa, Gusti Allah bakal
bisa mbélani; kosokbaliné yèn gawé dosa
marang Gusti Allah, sapa sing bakal bisa
nulungi?" Éwadéné anak-anaké padha
ora nggatèkaké pituturé Èli, bapakné,
sebab Gusti Allah wis kagungan putusan
bakal matèni wong-wong kuwi.
26 Kosokbaliné Samuèl, saya gedhé
saya ditresnani déning Gusti Allah,
mengkono uga déning wong akèh.
27 Ing sawijining dina ana nabi nemoni
Èli sarta ngandhakaké dhawuhé Gusti
Allah, "Nalika Harun lan brayaté, yakuwi
leluhurmu, dadi baturé raja ing Mesir,
Aku wis ngandika marang Harun,
28 yèn Aku wis milih brayaté Harun,
saka ing antarané bangsa Israèl, dadi
imam-Ku. Preluné ngladèni ing mesbèh,
mbakar menyan; yèn pinuju ana ing
ngarsa-Ku nganggo sandhangan éfod.

Déné wong-wong mau wis Dakparingi
wewenang njupuk sebagéan kurban
saosan sing dibakar ing mesbèh.
29 Nanging yagéné kowé isih srakah
weruh kurban-kurban sing disaosaké
umat-Ku marang Aku? Yagéné kowé, Èli,
luwih ngurmati anak-anakmu tinimbang
ngurmati Aku, nganti ngolèhaké anak-
anakmu nglemokaké awaké nganggo
sapéranganing pisungsungé umat-Ku,
sing becik dhéwé?
30 Aku, Gusti Allahé bangsa Israèl,
biyèn wis janji, yèn brayatmu sarta
talermu bakal ngladèni Aku dadi
imam ing selawasé. Nanging saiki Aku
ngandika, yèn Aku wis ora ngersakaké
mengkono! Sebab sing ngurmati Aku,
bakal Dakurmati, déné sing ngrèmèhaké
Aku bakal Dakrèmèhaké.
31 Rungokna, bakal ana wektuné Aku
matèni para mudha kabèh ing brayatmu
sarta talermu, nganti bakal ora ana wong
lanang ing brayatmu nganti tuwa.
32 Kowé bakal susah lan mèri weruh
kabegjan sing bakal Dakparingaké
marang wong-wong Israèl liyané,
mangka ing brayatmu bakal ora ana sing
nganti tuwa.

33 Mung ana siji turunmu sing bakal
Dakslametaké sarta bakal ngladèni Aku
dadi imam. Éwadéné wong kuwi bakal
wuta sarta uripé tanpa pengarep-arep.
Déné turunmu liyané kabèh bakal
dipatèni.
34 Kanggo bukti yèn pangandika-Ku iki
bener lan bakal kelakon kabèh, Hofni lan
Pinéhas, anakmu loro kuwi, bakal mati
ing sajroning sedina.
35 Sebanjuré Aku bakal milih imam
sing setya lan nglakoni apa waé sing
Dakdhawuhaké. Turuné bakal tansah
duwé kuwajiban kanggo para raja sing
Dakpilih.
36 Déné turunmu sing isih urip, bakal
sowan imam mau lan nyuwun dhuwit
sarta pangan. Dhèwèké bakal matur,
‛Kula mugi kepareng mbantu para imam,
supados kula angsal tedha senajan
namung sapulukan.’"

3 1 Dhèk semana, Samuèl isih bocah;
ngabdi marang Gusti Allah diawasi
déning Èli; lan arang banget ana dhawuh
sarta wahyu saka Gusti Allah.
2 Ing sawijining bengi, Èli sing wis tuwa
sarta mèh wuta, lagi turu ing kamaré;

3 déné Samuèl turu ing sacedhaké Pethi
Prejanjiané Allah, ing Kémah Suci. Ing
wayah bangun ésuk, lampuné durung
mati,
4 Gusti Allah nimbali Samuèl, mula
banjur matur, "Inggih, pak?"
5 Dhèwèké banjur mlayu nemoni Èli
lan matur, "Bapak nimbali?" Nanging
wangsulané Èli, "Aku ora ngundang
kowé, turua menèh." Samuèl banjur turu
menèh.
6 Sabanjuré Gusti Allah nimbali Samuèl
menèh, nanging Samuèl ora ngerti yèn
sing nimbali kuwi Gusti Allah, sebab
Gusti Allah durung tau ngandika karo
dhèwèké. Mulané Samuèl banjur tangi,
sowan Èli sarta matur, "Bapak nimbali?
Menika kula sowan." Èli mangsuli, "Aku
ora ngundang kowé; wis turua menèh
waé."
7 (3:6)
8 Gusti Allah nimbali Samuèl menèh,
sing ping teluné; Samuèl banjur tangi lan
sowan Èli sarta matur, "Bapak nimbali?
Menika kula sowan." Saiki Èli lagi ngerti,
yèn sing nimbali bocah mau Gusti Allah.
9 Mulané Èli banjur kandha karo
Samuèl, "Turua menèh. Yèn ditimbali

menèh matura, ‘Mugi kersaa ngandika, Gusti, kawula mirengaken.’" Samuèl banjur mapan turu menèh.
10 Gusti Allah banjur rawuh sarta jumeneng ing panggonan kono lan nimbali, "Samuèl, Samuèl!" Samuèl nuli matur, "Mugi kersaa ngandika, Gusti, kawula mirengaken."
11 Gusti Allah banjur ngandika marang Samuèl, "Aku bakal nindakaké prekara sing nggegirisi tumrap wong Israèl, nganti mbengungung ing kupingé sapa waé sing krungu.
12 Ing dina kuwi Aku bakal nindakaké ancaman-ancaman-Ku kabèh marang brayaté Èli, sing kawitan nganti tekan sing pungkasan.
13 Dhèwèké wis Dakwènèhi weruh, yèn brayaté bakal Dakukum ing selawasé, sebab anak-anaké ngrèmèhaké Aku. Èli wis weruh pokalé anak-anaké, nanging ora padha disrengeni.
14 Mulané Aku sumpah ing ngatasé brayaté Èli, yèn dosané sing gedhé banget mau ora bakal kena ditebus nganggo kurban utawa pisungsung apa waé."

15 Sawisé mengkono, Samuèl turon
menèh, lan ésuké tangi, mbukaki
lawangé Pedalemané Allah. Dhèwèké
wedi ngaturaké marang Èli apa sing wis
diweruhi mau,
16 nanging banjur diundang Èli,
"Samuèl, anakku." Wangsulané Samuèl,
"Kula, pak."
17 Èli pitakon, "Apa sing dingandikakaké
Gusti Allah marang kowé? Critakna
kabèh marang aku. Yèn ana sing
koksidhem, mesthi bakal diukum déning
Gusti Allah."
18 Samuèl banjur nyritakaké kabèh
mau marang Èli. Ora ana siji waé sing
disidhem. Èli banjur kandha, "Gusti Allah
kersané nindakaké apa waé sing becik."
19 Samuèl mundhak gedhé. Gusti Allah
nunggal karo dhèwèké lan kabèh sing
dingandikakaké marang Samuèl kelakon
temenan.
20 Yakuwi sebabé Samuèl disebut
nabining Gusti Allah ing negara kono.
Saben-saben Samuèl kandha, wong-
wong Israèl padha ngrungokaké. Lan
Gusti Allah tetep ngetingali Samuèl
ing Silo, yakuwi panggonané ngandika
marang Samuèl.

21 (3:20)

4

1 Ing wektu kuwi wong Filistin
nglumpukaké prejurité kabèh kanggo
nggempur Israèl. Mulané prejurit Israèl
padha maju ing peprangan; padha gawé
kémah ing sacedhaké Ében Haèzer;
déné prejurit Filistin kémahé ing Afèk.
2 Prejurit Filistin wiwit nyerang, lan
wusanané prejurit Israèl kalah. Kira-kira
ana wong patang èwu sing tiwas ing
peprangan mau.
3 Nalika para prejurit sing padha slamet
wis bali ing kémahé, para pemimpining
Israèl muni, "Yagéné Gusti Allah
marengaké kita kalah karo wong Filistin
ing dina iki? Ayo kita padha njupuk Pethi
Prejanjiané Allah saka ing Silo digawa
mréné, supaya Gusti Allah kersa nunggil
karo kita sarta nylametaké kita saka
tanganing mungsuh."
4 Wong-wong mau banjur kongkonan
wong menyang ing Silo prelu njupuk
Pethi Prejanjian, dhamparing Allah Kang
Mahakwasa. Anaké Èli loro pisan, yakuwi
Hofni lan Pinéhas, padha ngiring Pethi
Prejanjian mau.
5 Sawisé Pethi Prejanjian mau tekan
ing kémahé, wong-wong Israèl padha

surak-surak banter banget, nganti
nggeteraké bumi.
6 Wong-wong Filistin iya krungu
swarané wong surak-surak mau, banjur
padha takon, "Yagéné wong-wong Ibrani
padha surak-surak?" Nanging bareng
padha ngerti yèn Pethi Prejanjiané wis
tekan ing kémahé wong Ibrani,
7 banjur padha wedi, sarta ngucap,
"Ana déwa teka ing kémahé wong-wong
kuwi! Kita bakal cilaka! Kita durung tau
ngalami kaya ngéné iki!
8 Cilaka tenan! Sapa sing bisa
nylametaké kita saka déwa sing ampuh
kuwi? Rak iya déwa kuwi sing wis matèni
wong Mesir ing pesamunan biyèn?
9 Tatagna atimu, hé wong Filistin! Kowé
kuwi wong lanang. Yèn ora, kowé kabèh
bakal dadi baturé wong-wong Ibrani
kuwi, kaya enggoné wis padha ngabdi
marang kowé. Mulané élinga yèn kowé
kuwi wong lanang!"
10 Wong-wong Filistin banjur padha
perang mati-matian lan ngalahaké
prejurit Israèl. Prejurit Israèl padha
mlayu menyang kémahé dhéwé-dhéwé.
Bangsa Israèl kalah gedhèn; ana telung

puluh èwu prejurit Israèl sing tiwas ing
peprangan.
11 Pethi Prejanjian direbut mungsuh,
déné anaké Èli, yakuwi Hofni lan Pinéhas,
padha tiwas.
12 Ing dina kuwi ana wong Bènyamin
siji keplayu saka peprangan menyang
Silo. Minangka tandha béla sungkawa,
sandhanganė disuwèk-suwèk lan
embun-embunané diwur-wuri lebu.
13 Èli, sing tansah kuwatir bab
keslametané Pethi Prejanjian, linggih
kursi ing pinggir dalan. Nalika wong mau
nggawa kabar bab kalahé wong-wong
Israèl, wong sakutha kabèh padha
sesambat kanthi sora.
14 Èli krungu, banjur takon, "Sing
diributaké apa ta?" Wong mau banjur
mlayoni Èli ngaturaké apa sing wis
kelakon.
15 Umuré Èli wis sangang puluh wolu
taun lan wis mèh wuta.
16 Aturé wong mau marang Èli, "Kula
keplajeng saking peprangan, nembé
kémawon dumugi." Pitakoné Èli, "Kepriyé
kabaré anakku?"
17 Sing nggawa kabar mangsuli, "Israèl
kawon kaliyan tiyang Filistin; kathah

sanget ingkang tiwas! Kalebet ugi kang putra, Hofni tuwin Pinéhas, tiwas ing peprangan. Déné Pethi Prejanjian dipun rebat ing mengsah!"

18 Nalika wong mau matur bab Pethi Prejanjian, Èli banjur tiba klumah saka kursiné, ana ing sandhing gapura. Èli wis tuwa, tur lemu awaké, mula nalika tiba guluné tugel dadi lan tiwasé. Èli wis mimpin Israèl sajroning patang puluh taun.

19 Ing wektu kuwi mantuné Èli, bojoné Pinéhas, lagi meteng tuwa lan wis wayahé nglairaké. Nalika krungu yèn Pethi Prejanjian direbut mungsuh, maratuwa sarta bojoné tiwas, dumadakan nglarani, ora let suwé banjur nglairaké.

20 Nalika para wong wadon sing nulungi padha kandha, "Tatagna, anakmu lanang!," dhèwèké ora mangsuli lan wis ora ngrasakaké apa-apa.

21 Bayiné dijenengaké Ikabod,[b] pangucapé, "Allah Kang Mahamulya wis sumingkir saka Israèl." — Merga Pethi Prejanjian wis direbut mungsuh

---

[b]Ikabod: nama menika ing basa Ibrani tegesipun "ora ana kamulyan".

lan bapakné maratuwa sarta bojoné
tiwas. Mulané pangucapé, "Allah Kang
Mahamulya wis sumingkir saka Israèl,
sebab Pethi Prejanjian kena karebut
mungsuh."
22 (4:21)

5

1 Sawisé Pethi Prejanjiané Allah
direbut déning wong Filistin, digawa
saka Ében Haèzer menyang kuthané,
yakuwi Asdod.
2 Ing kono pethi mau dilebokaké ing
candhiné Déwa Dagon, sarta disèlèhaké
ing sacedhaké recané.
3 Ing dina ésuké isih ésuk banget,
wong-wong ing Asdod weruh yèn reca
Dagon wis mengkureb ing lemah,
sangareping Pethi Prejanjian. Mulané
reca mau banjur padha diangkat sarta
dibalèkaké ing panggonané.
4 Ésuké, wong-wong weruh yèn recané
wis mengkureb menèh ing sangareping
Pethi Prejanjian mau. Saikiné sirah sarta
lengené loro pisan tugel lan gumléthak
ing tlundhagan lawang; dadi mung kari
gembungé waé.
5 (Kuwi sebabé, nganti sepréné para
imamé lan sing padha nyembah déwa
Dagon ora gelem ngidak, nanging

nglangkahi tlundhaging lawang ing
Asdod mau.)
6 Gusti Allah ngukum wong-wong ing
Asdod lan ing sakiwa-tengené nganggo
lelara plenthung.[c]
7 Bareng wong-wong Asdod padha
weruh lelakon mengkono mau, padha
ngucap, "Allahé Israèl ngukum kita lan
Déwa Dagon. Pethi kuwi ora kena tetep
ana ing kéné."
8 Mulané wong-wong banjur padha
ngaturi kumpul para raja Filistin
lima cacahé, banjur matur, "Pethi
Prejanjianipun tiyang Israèl menika kita
menapakaken?" Wangsulané para raja
mau, "Pindhahen menyang kutha Gat."
Kelakon, Pethi mau dipindhah menyang
kutha Gat, yakuwi kutha Filistin liyané.
9 Nanging sawisé pethi mau tekan kono,
Gusti Allah iya ngukum kutha kono,
ndadèkaké banget girisé. Wong-wong
ing kutha mau, ya enom ya tuwa awaké
banjur padha mlenthung-mlenthung.

---

[c]lelara plenthung: wontenipun sesakit mlenthung-mlenthung wau kasarengan wontenipun tikus kathah sanget, ingkang njalari tuwuhipun sesakit pès.

10 Pethi Prejanjian mau banjur diusung
menyang Ékron, kutha Filistin liyané
menèh. Sawisé Pethi mau tekan ing
kono, wong-wongé banjur padha
bengok-bengok, tembungé, "Pethi
Prejanjiané Israèl kuwi digawa mréné
kanggo matèni kita kabèh."
11 Mulané banjur padha ngaturi
kumpul kabèh raja Filistin, aturé, "Pethi
Prejanjianipun tiyang Israèl menika
prayogi dipun wangsulaken dhateng
panggènanipun, supados mboten mejahi
kita lan brayat kita." Sarèhné Gusti Allah
ngukum wong-wong kanthi abot banget,
sakutha padha giris.
12 Wong-wong sing ora mati, padha
kena lelara mlenthung mau, lan
sesambat marang déwané, njaluk
tulung.

6 1 Sawisé Pethi Prejanjiané Allah ana
ing wilayahé wong Filistia pitung sasi
suwéné,
2 wong Filistin ngumpulaké para
imam sarta para tukang sihir, banjur
takon, "Pethi Prejanjian menika kedah
kita menapakaken? Menawi kita
wangsulaken ing panggènanipun,

kita kedah ngintunaken sumbangan
menapa?"
3 Wangsulané sing padha ngumpul,
"Pethi Prejanjiané Israèl kuwi aja
kokbalèkaké ngono waé, nanging kudu
nganggo sumbangan minangka tebusané
dosamu. Kanthi mengkono kowé bakal
padha diwarasaké, lan kowé bakal padha
weruh yagéné Allahé Israèl tansah
ngukum kowé kabèh."
4 "Sumbangan menapa kémawon
ingkang kedah kula aturaken?," pitakoné
wong-wong mau. Wangsulané para
imam, "Plenthungan emas lima lan tikus
emas lima, padha karo cacahé raja-raja
Filistin. Rak iya plenthungan lan tikus
kuwi sing gawé sangsara kita, iya para
kawula, iya para raja?
5 Dadi, kowé kudu padha gawé tetironé
plenthungan, mengkono uga tikus sing
ngrusak negaramu. Kanthi mengkono
kowé padha ngurmati Allahé Israèl.
Mbokmenawa Allahé Israèl bakal ora
ngukum kowé, para déwa lan tanahmu
menèh.
6 Apa gunané kowé kabèh padha keras
atiné, padha karo raja lan wong Mesir
biyèn? Aja padha lali kepriyé carané

Gusti Allah enggoné ngagem dolanan
wong-wong mau, nganti padha mratobat
lan wong Israèl dililani lunga saka Mesir.
7 Mulané, siapna grobag anyar karo
sapiné loro sing lagi nyusoni, lan sing
durung tau dienggo nenarik. Sapi loro
mau rakitana, déné pedhèté giringen
menyang ing kandhang.
8 Sabanjuré, Pethi Prejanjiané jupuken
sarta unggahna ing grobag mau, déné
ing sandhingé sèlèhana pethi isi barang-
barang emas sing kudu koksaosaké
minangka korban panebusing dosamu.
Grobag mau bèn mlaku karepé dhéwé.
9 Awasana waé lakuné; yèn mlaku
menyang negarané dhéwé, yakuwi kutha
Bèt-Sèmès, kuwi tandha yèn Allahé wong
Israèl sing nekakaké kacilakan gedhé
tumrap kita. Nanging yèn grobag mau
ora mrana, kita ngerti, yèn kasangsaran
kuwi ora saka Allahé Israèl, nanging
mung kapinujon waé."
10 Wong-wong padha nurut; banjur
padha njupuk sapi loro sing lagi nusoni,
banjur dirakit ing grobag, déné pedhèté
digiring menyang kandhang.
11 Pethi Prejanjian mau banjur
diunggahaké ing grobag, mengkono uga

pethi isi tikus emas lan plenthungan
emas.
12 Sapi-sapi mau mlaku terus ngener
Bèt-Sèmès; karo tansah mbengoh maju
terus, tanpa nyimpang ngiwa utawa
nengen. Raja Filistin lima mau terus
ngetutaké nganti tekan ing tapel watesé
Bèt-Sèmès.
13 Dhèk semana wong-wong ing
Bèt-Sèmès lagi padha panèn gandum
ing tanah ngaré. Bareng weruh Pethi
Prejanjian mau, padha methukaké karo
bungah-bungah.
14 Grobagé mandheg cedhak watu
gedhé ing tegalé Yosua, wong Bèt-
Sèmès. Wong-wong banjur padha
nyigari blabaging grobag mau, mbelèh
sapiné loro kanggo kurban obongan
marang Gusti Allah.
15 Pethiné Prejanjian sarta pethi isi
barang-barang emas banjur diudhunaké
déning wong-wong Lèwi, disèlèhaké
ing sandhuwuring watu gedhé mau.
Sawisé mengkono wong-wong Bèt-
Sèmès nyaosaké kurban obongan lan
kurban-kurban liyané kagem Gusti Allah.

16 Bareng raja Filistin lima padha
weruh lelakon mau, banjur padha mulih
menyang Ékron ing dina kuwi uga.
17 Nganggo cara mengkono wong
Filistin wis nyaosaké marang Gusti Allah
pisungsung panebusing dosa kanggo
wong-wong ing limang kutha sing
dipréntah déning para raja Filistin lima.
Kutha-kutha mau yakuwi Asdod, Gaza,
Askelon, Gat lan Ékron. Ing antarané
kutha-kutha mau ana sing nganggo
pager bètèng, ana sing ora. Saben kutha
ngirim plenthungan emas siji sarta
tikus emas siji. Sing dienggo buktiné
kedadéan mau yakuwi watu gedhé
panggonan nyèlèhaké Pethi Prejanjian.
Tekan ing dina iki watu mau isih ana ing
tegalé Yosua, wong Bèt-Sèmès mau.
18 (6:17)
19 Nanging merga wong-wong Bèt-
Sèmès padha nginguk ing sajroning Pethi
Prejanjiané Allah, ana wong pitung puluh
ing antarané wong-wong mau padha
dipatèni déning Gusti Allah. Wong-wong
banjur padha nlangsa, sebab Gusti Allah
ndhawahaké kasangsaran kang gedhé
banget tumrap wong-wong mau.

20 Wong-wong ing Bèt-Sèmès banjur
padha ngucap, "Sapa ta sing bisa betah
ing ngarsané Gusti Allah kang suci kuwi?
Pethi kuwi kudu kita singkiraké supaya
adoh saka panggonan kita."
21 Wong-wong mau banjur kongkonan
wong menyang Kiryat-Yéarim sarta
padha weling mengkéné, "Wong Filistin
wis mbalèkaké Pethi Prejanjiané Allah.
Padha tekaa sarta pindhahen menyang
panggonanmu."

7 1 Sawisé kuwi wong-wong ing Kiryat-
Yéarim njupuk Pethi Prejanjian
mau, banjur digawa menyang omahé
wong jenengé Abinadab, sing manggon
ing punthuk. Wong-wong banjur milih
Èléazar, anaké Abinadab, supaya njaga
Pethi Prejanjian mau.
2 Pethi Prejanjiané Allah ana ing
Kiryat-Yéarim, kira-kira rong puluh taun.
Ing sajroning wektu kuwi para umat
Israèl kabèh padha sesambat marang
Gusti Allah nyuwun tulung.
3 Samuèl banjur kandha karo para umat
Israèl, "Menawa kowé kabèh arep padha
mratobat marang Gusti Allah sarta sujud
kanthi gumolonging atimu, kudu padha
mbuwang sekabèhing déwa lan recané

Dèwi Astorèt. Kowé padha pasraha marang Gusti Allah sarta ngabektia mung marang Panjenenganè, kowé mesthi bakal padha dibébasaké saka tanganing wong Filistin."

4 Kelakon wong Israèl padha mbuwang déwa-déwa Baal sarta recané Dèwi Astorèt, banjur ngabekti mung marang Gusti Allah.

5 Sawisé kuwi Samuèl banjur kandha, "Bangsa Israèl kabèh kumpulna ing Mizpa, aku bakal ndedonga marang Gusti Allah kanggo kowé kabèh."

6 Wong-wong mau banjur padha ngumpul ing Mizpa. Padha nimba sarta ngesokaké banyuné minangka pisungsung marang Gusti Allah, banjur padha pasa sedina muput. Tembungé, "Kawula sampun sami damel dosa dhateng Gusti Allah." (Ing Mizpa Samuèl wiwit ngrampungaké prekara-prekara cecongkrahané wong Israèl.)

7 Bareng wong Filistin krungu yèn wong Israèl wis padha ngumpul ing Mizpa, raja Filistin lima padha mangkat mrana karo prejurité nyerang wong-wong Israèl. Bareng wong Israèl krungu banjur padha wedi.

8 Tembungé marang Samuèl, "Sampun
kèndel-kèndel ndedonga dhateng
Gusti Allah kita, supados kita dipun
wilujengaken saking tanganipun bangsa
Filistin."
9 Mulané Samuèl nyembelèh cempé
wedhus gèmbèl siji, dibakar wutuhan
minangka pisungsung marang Gusti
Allah. Sawisé kuwi Samuèl banjur
ndedonga supaya Gusti Allah kersa
nulungi wong Israèl, lan pandongané
dikabulaké.
10 Nalika Samuèl lagi nyaosaké kurban
obongan mau, wong Filistin wiwit
nyerang; nanging Gusti Allah nekakaké
gludhug saka langit tumuju marang
wong Filistin. Wong-wong mau padha
bubar, banjur mlayu saka bingungé.
11 Prejurit Israèl metu saka Mizpa
banjur ngoyak wong Filistin mèh tekan
Bèt-Kar, turut dalan matèni wong-wong
mau.
12 Samuèl banjur njupuk watu siji,
didegaké ing tapel watesé Mizpa lan
Sen. Kandhané, "Gusti Allah wis nulungi
kita sauruting dalan kita." — Watu mau
dijenengaké "Watu Pitulungan."

13 Mengkono carané wong Filistin dikalahaké lan Gusti Allah ora marengaké wong-wong kuwi mlebu ing wilayah Israèl. Sajegé uripé Samuèl, wong Filistin ora tau menang karo Israèl.
14 Kutha-kutha kabèh sing wis ditelukaké déning wong Filistin, wiwit saka Ékron nganti tekan ing Gat, dibalèkaké marang Israèl. Dadi kabèh wilayahé wis bali menèh marang Israèl. Temahan wong Israèl lan wong Kenaan uripé padha rukun.
15 Samuèl mbawahaké Israèl sajegé urip.
16 Saben tauné mesthi mider-mider menyang Bètèl, Gilgal, lan Mizpa. Sarta ing panggonan-panggonan mau Samuèl ngrampungaké prekara-prekara cecongkrahan.
17 Saben-saben mulih ing Rama banjur dadi hakimé wong Israèl lan ing Rama uga ngedegaké mesbèh kagem Gusti Allah.

8 1 Bareng Samuèl wis tuwa, anak-anaké padha diangkat dadi hakim ing Israèl.

2 Anaké sing mbarep jenengé Yoèl lan
sing nomer loro Abia, padha dadi hakim
ing Bèrsyéba.
3 Nanging padha ora gelem niru
bapakné, mung padha mikir kepénaké
dhéwé waé. Wong-wong kuwi padha
gelem nampa sogok[d] lan enggoné mutusi
prekara-prekara ora adil.
4 Merga saka kuwi para pemimpin Israèl
kabèh padha ngumpul, nekani Samuèl
ing Rama,
5 lan matur, "Nuwun sèwu lan nyuwun
penggalihan, bilih bapak sampun sepuh,
mangka putra-putranipun bapak mboten
kados bapak. Mila prayogi menawi bapak
njumenengaken raja, supados kula
sami gadhah raja kados bangsa-bangsa
sanèsipun."
6 Nanging Samuèl ora cocog karo
panyuwuné wong-wong mau, banjur
ndedonga marang Gusti Allah,
7 sarta Gusti Allah ngandika,
"Sakabèhing panyuwuné bangsa
kuwi turutana, sebab dudu kowé sing
diemohi, nanging Aku. Wong-wong
kuwi wis ora nganggep Aku menèh dadi
rajané.

---

[d]sogok: besel.

8 Wiwit Aku ngentasaké wong-wong
kuwi metu saka tanah Mesir, wis padha
ngemohi Aku lan padha nyembah déwa-
déwa, sarta apa waé sing ditindakaké
kanggo kowé, kuwi sing tansah padha
ditindakaké kanggo Aku.
9 Mulané turutana panyuwuné; nanging
padha élikna sing tumemen, terangna
bab wewenangé raja tumraping
wong-wong mau."
10 Sakabèhing pangandikané Gusti Allah
kuwi diterusaké marang wong-wong sing
nyuwun raja mau, tembungé,
11 "Mengkoné raja sing bakal ngwasani
kowé kuwi carané mengkéné: Anak-
anakmu bakal dipeksa mlebu dadi
prejurité; ana sing dadi bala krétan, ana
sing bala jaranan, sarta ana sing dadi
bala mlaku dharat.
12 Ana sing diangkat dadi penèwu,[e] lan
liyané menèh penèket.[f] Anak-anakmu
bakal dipeksa mluku tegalé, ngumpulaké
panèné, gawé gegaman lan piranti
krétané.
13 Anak-anakmu wadon bakal dikon
gawé lenga wangi kanggo rajané, sarta

---

[e]penèwu: komandhan batalion.

[f]penèket: komandhan kompi/regu.

dikon nyambut-gawé dadi tukang masak
lan tukang roti.
14 Raja mau bakal njaluk tegalmu,
kebon anggurmu lan kebon zaitunmu
sing becik dhéwé lan diwènèhaké
marang para pegawéné.
15 Tegal lan kebon anggurmu bakal
kena pajeg saprasepuluhé panèné,
banjur bakal diwènèhaké marang para
penggedhé lan para pegawéné.
16 Iya bakal njaluk baturmu, raja-
kayamu sing becik sarta kuldimu,
kanggo megawé.
17 Saprasepuluhé wedhus-wedhusmu
bakal dijaluk. Déné kowé dhéwé bakal
padha dadi baturé.
18 Yèn wis tekan mangsané, kowé bakal
padha sesambat merga saka raja sing
kokpilih mau, nanging Gusti Allah ora
bakal mirengaké pesambatmu."
19 Nanging bangsa mau ora nggatèkaké
tetembungané Samuèl, malah ngucap,
"Kajengipun! Kadospundi kémawon kula
kepéngin gadhah raja.
20 Kula kepéngin sami kados bangsa-
bangsa sanèsipun. Raja kula kedah
mréntah kula sarta mimpin kula ing
salebeting peprangan."

21 Sakabèhing aturé wong-wong mau
banjur diaturaké marang Gusti Allah.
22 Gusti Allah ngandika, "Turutana
waé karepé lan ngangkata raja kanggo
wong-wong kuwi." Sabanjuré Samuèl
njaluk supaya wong-wong Israèl padha
mulih menyang omahé dhéwé-dhéwé.

9 1 Ana wong sugih kang gedhé
kawibawané, saka taler Bènyamin,
jenengé Kis. Kis kuwi klebu brayaté
Bekorat, bagéané kulawangsa Afiah.
Bapakné jenengé Abièl, déné embahé
Zéror.
2 Kis duwé anak lanang, jenengé Saul,
isih nom-noman, nggantheng tur gagah.
Ora ana wong siji waé ing Israèl sing
ngluwihi ngganthengé. Saul kuwi dhuwur
banget; wong Israèl rata-rata mung
sapundhaké.
3 Ing sawijining dina kuldiné Kis ana
sawetara sing ilang. Mulané kandha karo
Saul, "Ngajaka batur siji, kuldi-kuldi sing
ilang kuwi golèkana."
4 Saul lan baturé banjur ndlajahi wilayah
pegunungan Éfraim lan tanah Salisa,
nanging ora olèh gawé. Banjur mlaku
terus menyang tanah Sahalim, nanging
kuldi-kuldi mau iya ora ana ing kono.

Banjur padha nggolèki menyang wilayah
Bènyamin, nanging iya ora ana.
5 Bareng padha tekan tanah Zuf, Saul
kandha karo baturé, "Ayo padha mulih
waé. Bapak bisa uga luwih nguwatiraké
kita tinimbang kuldi-kuldiné."
6 Baturé mangsuli, "Mangké rumiyin!
Ing kitha wonten tiyang abdinipun
Allah. Tiyang menika kajèn, mergi
sedaya ingkang dipun cariyosaken
temtu kelampahan. Mangga sami mrika,
mbokmenawi kita badhé dipun tedahi
kuldi-kuldi menika wonten pundi."
7 Tembungé Saul, "Yèn mrana, apa
sing bakal kita caosaké? Sangu kita wis
mèh entèk, mangka kita rak ora duwé
apa-apa sing kena diaturaké abdining
Allah kuwi?"
8 Batur mau kandha, "Kaleresan kula
taksih gadhah arta pérak setunggal.
Badhé kula aturaken dhateng abdining
Allah menika supados kersa nedahaken
wonten pundi panggènanipun kuldi-kuldi
menika."
9 "Iya becik banget," wangsulané
Saul, "Ayo padha mangkat." Banjur
padha lunga menyang kutha, ing
panggonané abdiné Allah mau. Nalika

padha munggah ing punthuk sing
tekan kutha mau, padha ketemu karo
prawan-prawan menyang sumur arep
ngangsu. Wong-wong mau banjur padha
takon karo prawan-prawan kuwi, "Ing
ngriki menapa wonten Tiyang wasis?"
(Ing jaman semana nabi disebut wong
wasis, dadi yèn ana wong kepéngin
matur apa waé marang Allah, tembungé
mengkéné, "Ayo padha sowan wong
wasis.")
10 (9:9)
11 (9:9)
12 "Inggih, wonten," wangsulané
prawan-prawan mau, "malah nembé
kémawon langkung ngriki. Menawi cepet,
mbokmenawi sampéyan saged nututi.
Tiyang menika nembé dhateng kitha,
sebab ing dinten menika para umat
badhé nyaosaken kurban ing mesbèh
punthuk ngriku. Ingkang sami dhateng
mboten badhé nedha, menawi tiyang
menika dèrèng dhateng lan mberkahi
kurban langkung rumiyin. Menawi
samenika sampéyan nusul mrika,
sampéyan badhé manggihi sadèrèngipun
minggah dhateng punthuk."
13 (9:12)

14 Saul lan baturé banjur mangkat
menyang kutha, sarta bareng mlebu ing
gapura, weruh Samuèl marani dhèwèké,
lagi lumaku menyang panggonan
ngibadah.
15 Sedina sadurungé kuwi Gusti
Allah maringi wangsit marang Samuèl
mengkéné,
16 "Sésuk kira-kira padha karo wektu iki,
Aku bakal ngutus wong saka wengkon
Bènyamin nemoni kowé. Wong kuwi
jebadana dadi pengareping umat-Ku
Israèl. Dhèwèké bakal nylametaké
umat-Ku saka wong Filistin. Aku wis
mirsani kasangsarané umat-Ku lan
penangisé, nyuwun tulung."
17 Bareng Samuèl weruh Saul, Gusti
Allah ngandika marang Samuèl,
"Yaiki wongé sing Dakngandikakaké
marang kowé. Dhèwèké bakal ngratoni
umat-Ku."
18 Ing wektu kuwi Saul nyowani
Samuèl, ing sacedhaké gapura, lan
matur, "Nyuwun pangapunten, Pak,
pundi dalemipun tiyang wasis menika?"
19 Samuèl mangsuli, "Aku iki wongé.
Ndisikana aku menyang panggonan
ngibadah, sebab ing dina iki kowé

bakal mangan bebarengan karo aku.
Sésuk-ésuk sarupaning pitakonanmu
bakal dakwangsuli. Sawisé kuwi kowé
lagi padha kena mulih.
20 Bab ilangé kuldi-kuldimu telung dina
kepungkur, aja koksumelangaké, sebab
wis ketemu. Ana menèh, sing pengaji
dhéwé ing Israèl, bakal diparingaké
marang kowé lan brayaté bapakmu."
21 Saul mangsuli, "Kula menika saking
taler Bènyamin, taler ingkang alit
piyambak ing Israèl, brayat kula menika
tanpa pengaji wonten taler menika.
Dados kadospundi bapak ngandika
ingkang mekaten dhateng kula?"
22 Samuèl banjur ngajak Saul lan
baturé mlebu ing kamar gedhé, banjur
diprenahaké ing papan istiméwa ing
sangareping para undangan, cacahé
kira-kira ana wong telung puluh.
23 Sabanjuré Samuèl préntah marang
juru masak, "Dagingé sing disimpen,
sing mau daktitipaké kowé ladèkna
mréné."
24 Juru masak mau banjur njupuk
daging pupu sing pilihan, diladèkaké
ing sangareping Saul. Samuèl kandha,
"Iki bagéan sing daksisihaké kanggo

kowé supaya kokpangan ing wektu
iki, bebarengan karo para tamu. Mula
panganen." Saul nuli mangan. Dadi ing
dina kuwi Saul mangan bebarengan karo
Samuèl.
25 Sawisé kuwi banjur padha mudhun
saka panggonan ngibadah lan mlebu ing
kutha. Saul diwènèhi kamar kanggo turu
ing payoning omah,[g] banjur mapan turu.
26 Bareng wis bangun ésuk, Samuèl
ngundang Saul kang ana ing payon
mau, tembungé, "Tangia, ayo dakteraké
lunga." Saul tangi, banjur mangkat
bebarengan karo Samuèl.
27 Bareng wis tekan ing pinggiring
kutha, Samuèl kandha karo Saul, "Batur
iku konen mlaku ndhisiki." Batur mau
nuli mangkat, déné Samuèl kandha
menèh, "Mandhega ing kéné sedhéla,
kowé arep dakkandhani pangandikané
Allah."

10 1 Samuèl banjur njupuk kendhi
isi lenga zaitun, disuntak ing
sirahé Saul. Saul banjur diambung karo
kandha, "Gusti Allah wis njebadi kowé

---

[g]payoning omah: jaman semanten payoning griya sami rata, sarta tilem ing payoning griya menika limrah.

supaya ngratoni umat Israèl. Kowé
bakal ngayomi wong-wong kuwi saka
mungsuh-mungsuhé. Iki tandhané yèn
Gusti Allah wis milih kowé dadi ratuning
para umaté.
2 Salungamu saka kéné, kowé bakal
ketemu wong lanang loro ing sacedhaké
kuburané Rahèl ing Zèlzah ing wilayah
Bènyamin. Wong-wong kuwi bakal
ngandhani kowé, ‵Kuldi-kuldi ingkang
sampéyan padosi menika sampun
kepanggih. Samenika bapak sampéyan
manahipun sampun bingah, nanging
gentos prihatos pados rékadaya
sagedipun manggihaken sampéyan.′"
3 Samuèl kandha menèh, "Saka ing
kono kowé bakal mlaku terus tekan wit
panggonan ngibadah ing Tabor. Ing kana
ana wong lanang telu arep nemoni kowé.
Wong-wong mau arep menyang Bètèl
prelu nyaosaké kurban kagem Gusti
Allah. Sing siji nggiring cempé telu,
sijiné nggawa roti telu, lan sijiné menèh
nggawa kanthong lulang isi anggur.
4 Wong-wong mau bakal nyalami kowé
lan kowé bakal diwènèhi roti lan kudu
kokpangan.

5 Sawisé kuwi kowé kudu lunga
menyang punthuking Allah ing Gibéa,
panggonané kémahé wong Filistin. Ing
gapuraning kutha, kowé bakal pethukan
karo rombongan nabi sing mudhun
saka mesbèh ing ndhuwur punthuk.
Wong-wong mau padha jejogèdan lan
bengok-bengok, terbangan, nylempung
lan nyuling.
6 Ing wektu kuwi uga kowé bakal
ditedhaki Rohé Allah lan kowé
bakal mèlu jejogèdan bareng karo
pambengoké wong-wong mau, lan atimu
dianyaraké.
7 Kepriyé kelakoné prekara mau, apa
sing kokanggep becik, lakonana, sebab
Gusti Allah nunggal karo kowé.
8 Sabanjuré kowé kudu lunga menyang
Gilgal sarta ngentènana ing kana pitung
dina. Mengko aku bakal teka nyaosaké
kurban obongan lan kurban suci,
sarta ngandhani kowé apa sing kudu
koklakoni."
9 Lagi waé Saul mungkur saka
panggonané Samuèl, Saul nampa
bebudèn anyar saka Gusti Allah. Apa
sing dikandhakaké déning Samuèl
marang Saul, kelakon ing dina iku uga.

10 Bareng Saul lan abdiné tekan Gibéa,
padha ditemoni déning rombongan nabi.
Dhèk semana Saul ditedhaki Rohé Allah,
mèlu jejogèdan lan suraké para nabi
mau.
11 Wong-wong sing wis padha tepung,
bareng weruh pratingkahé Saul, banjur
padha takon-tinakonan, "Anaké Kis kuwi
kena apa? Apa Saul iya dadi nabi?"
12 Banjur ana sing takon, "Lha karo
nabi-nabi liyané kepriyé? Sapa ta
bapakné?" Iya kuwi asal-usulé ana
tetembungan, "Apa Saul iya dadi nabi?"
13 Sawisé Saul rampung enggoné
jejogèdan lan bengok-bengok, nuli lunga
menyang mesbèh ing punthuk.
14 Pamané weruh Saul karo baturé,
banjur takon, "Kowé saka ngendi?"
Wangsulané Saul, "Madosi kuldi! Sareng
kula mboten saged manggihaken lajeng
sowan Samuèl."
15 "Apa sing dikandhakaké karo kowé?"
pitakoné pamané.
16 Saul mangsuli, "Samuèl ngandika,
bilih kéwan-kéwan wau sampun
kepanggih." Nanging Saul ora crita
marang pamané, yèn dhèwèké wis
dijebadi déning Samuèl dadi raja.

17 Samuèl banjur ngundangi wong-wong
Israèl supaya kumpul ing Mizpa,
18 lan kandha karo wong-wong mau,
"Yaiki sing dingandikakaké déning Gusti
Allahé Israèl, ‘Aku wis ngentasaké
kowé kabèh metu saka tanah Mesir lan
nguwalaké saka pangwasané wong Mesir
sarta bangsa-bangsa liyané sing nindhes
kowé kabèh.
19 Aku wis mbébasaké kowé kabèh
saka sakabèhing kasangsaran lan
kaprihatinan. Nanging saiki kowé padha
ngemohi Aku, Gusti Allahmu, sebab
kowé nyuwun supaya Aku njumenengaké
raja kanggo kowé kabèh. Yèn mengkono,
padha kumpula ing ngarsa-Ku, Gusti
Allahmu, manut wewengkon lan
talermu.’"
20 Samuèl banjur mréntahaké
sakabèhing taler maju, lan klompok
Bènyamin sing katuding.
21 Bareng brayaté taler Bènyamin padha
dikon maju, brayat Matri sing katuding.
Wekasané para wong lanang ing brayat
Matri mau, lan Saul anaké Kis sing
katuding. Wong-wong banjur padha
nggolèki Saul, nanging dhèwèké ora ana.

22 Mula wong-wong banjur padha
matur marang Gusti Allah, "Nuwun
Gusti, menapa tiyang menika sampun
wonten ing ngriki?" Pangandikané Gusti
Allah, "Saul ndhelik ana ing mburiné
barang-barang."
23 Wong-wong mau banjur padha
énggal-énggal marani Saul, banjur
digawa menyang tengahing wong akèh.
Bareng Saul ngadeg ing antarané
wong-wong mau, dhèwèké sing dhuwur
dhéwé; wong liyané mung sapundhaké.
24 Samuèl banjur kandha karo wong-
wong, "Tontonen wong sing dipilih
déning Gusti Allah, ing antarané kita ora
ana sing nandhingi." Wong-wong kabèh
padha surak-surak, "Sugeng Sang Raja!"
25 Samuèl banjur nerangaké marang
bangsa mau bab wewenang lan
kuwajibaning raja, banjur ditulis ing
buku sing disimpen ing papan suci.
Sawisé kuwi Samuèl préntah supaya
wong-wong padha mulih menyang
omahé dhéwé-dhéwé.
26 Saul uga mulih menyang omahé ing
Gibéa, diapit déning wong-wong sing
gagah prakosa lan sing wis diosikaké
atiné déning Gusti Allah, mbarengi Saul.

27 Nanging ana sawetara wong ala
sing kandha, "Apa iya wong iki bakal
ana gunané kanggo kita?" Wong-wong
padha ngrèmèhaké Saul lan ora saos
pisungsung marang dhèwèké. Nanging
Saul éthok-éthok ora weruh.

11 1 Sawisé lelakon mau Nahas, raja
Amon, ngumpulaké prejurité,
banjur ngepung kutha Yabès ing wilayah
Giléad. Wong-wong ing Yabès padha
usul marang Nahas mengkéné, "Kula
aturi damel prejanjian kaliyan kula, kula
badhé teluk kaliyan panjenengan."
2 Nahas mangsuli, "Aku gelem gawé
prejanjian, nanging mripatmu sing
tengen bakal dakcuplaki kanggo
ngrèmèhaké wong-wong Israèl."
3 Para pemimpining kutha Yabès matur,
"Kula nyuwun inah dangunipun pitung
dinten, supados kula saged nyebar
kèngkènan dhateng tlatah Israèl sedaya.
Menawi mboten wonten ingkang purun
nulungi, kula sedaya badhé pasrah
dhateng panjenengan."
4 Sing padha dikongkon tekan Gibéa,
panggonané Saul. Bareng padha
dikandhani, bangsa mau nangis, sebab
ora duwé pengarep-arep.

5 Dhèk semana Saul lagi waé teka
saka tegalané karo nggiring sapiné.
Saul banjur takon, "Ana apa? Yagéné
padha nangis?" Banjur diaturi kabar sing
digawa déning kongkonan saka Yabès
mau.
6 Bareng krungu, Saul banjur ditedhaki
déning Rohé Allah.
7 Saul nepsu banget, banjur njupuk sapi
loro, ditengkel-tengkel dadi akèh banget.
Tengkelan mau banjur dikirimaké
menyang ing satlatahing tanah Israèl
kanthi préntah mengkéné, "Sapa sing
ora mèlu nglurug perang mbantu Saul
lan Samuèl, sapiné iya bakal padha
ditengkel-tengkel kaya iki!" Gusti Allah
ndadèkaké wediné bangsa Israèl, mulané
kabèh padha nglurug bebarengan, ora
ana sing kèri.
8 Wong-wong mau dikumpulaké ing
Bèzèk lan diétung: Ana wong Israèl
300.000, lan wong Yéhuda 30.000.
9 Kongkonan saka Yabès banjur dituturi
mengkéné, "Kandhakna karo wong-
wong ing Yabès, yèn sésuk sadurungé
tengangé bakal padha olèh pitulungan."
Bareng wong-wong ing Yabès padha

nampa welingan mau, atiné padha
seneng banget.
10 Aturé wong-wong mau marang
Nahas, "Mbénjing-énjing kula sami
badhé pasrah, nyumanggakaken sakersa
panjenengan."
11 Ésuké, ésuk banget, Saul mbagé
wong-wongé dadi telung golongan.
Wayahé byar ésuk banjur padha nrajang
satengahing kémahé wong-wong
Amon sarta nyerang wong-wong mau,
sadurungé awan. Wong-wong Amon sing
bisa lolos padha buyar pating slebar,
nganti ora ana wong loro sing bisa mlayu
bebarengan.
12 Bangsa Israèl banjur padha matur
marang Samuèl, "Wonten ing pundi
tiyang-tiyang ingkang wantun criyos
bilih Saul mboten pantes dados raja
kita? Prayogi panjenengan pasrahaken
dhateng kula, badhé kula pejahi."
13 Nanging Saul kandha, "Siji waé aja
ana sing matèni dina iki, sebab Gusti
Allah wis mbébasaké bangsa Israèl."
14 Samuèl banjur kandha karo wong-
wong mau, "Ayo padha menyang Gilgal
lan sepisan engkas ngresmèkaké Saul
dadi raja kita."

15 Wong-wong kabèh banjur padha menyang Gilgal, lan ing papan pangibadah kono Saul diresmèkaké dadi raja. Wong-wong padha nyaosaké kurban suci, déné Saul sarta bangsa Israèl kabèh banjur padha bungah-bungah.

12 1 Samuèl banjur dhawuh marang bangsa Israèl kabèh, "Aku wis nuruti penjalukmu sarta wis netepaké raja kanggo kowé kabèh.

2 Wiwit saiki Saul sing bakal mimpin kowé kabèh. Déné aku wis tuwa lan wis uwanen. Aku wis suwé banget mimpin kowé kabèh, wiwit aku isih enom nganti sepréné. Déné buktiné anak-anakku wis gedhé-gedhé.

3 Saiki aku ngadeg ana ing ngarepmu. Yèn aku wis nindakaké kaluputan, gugatan ana ing ngarsané Gusti Allah sarta ing ngareping raja sing padha kokpilih. Apa aku wis tau njupuk sapi utawa kuldiné wong liya? Apa aku wis tau ngapusi, nindhes utawa nampa besel? Kandhakna, supaya apa waé sing dakjupuk dakbalèkaké!"

4 Aturé wong-wong mau, "Mboten, bapak mboten naté ngapusi saha nindhes kula sedaya; bapak mboten

mendhet menapa-menapa saking sok
tiyanga."
5 Samuèl banjur dhawuh, "Ing dina iki
Allah lan raja sing padha dipilih dadi
seksi yèn aku ora duwé kaluputan."
"Inggih, leres, Gusti Allah dados seksi
kita," aturé wong-wong mau.
6 Samuèl banjur dhawuh menèh, "Iya
Gusti Allah sing milih Musa lan Harun,
lan sing mbébasaké leluhurmu metu
saka tanah Mesir.
7 Saiki aja padha lunga dhisik. Aku
arep ndakwa kowé ana ing ngarsané
Gusti Allah. Élinga marang sakabèhing
kamirahané Gusti Allah sing wis
diparingaké marang kowé kabèh sarta
marang leluhurmu.
8 Nalika Yakub lan brayaté teka ing
Mesir, lan wong Mesir nindhes wong-
wong mau, leluhurmu padha nyuwun
pitulungan marang Gusti Allah; Gusti
Allah banjur ngutus Musa lan Harun.
Wong loro kuwi ngirid leluhurmu metu
saka Mesir sarta nulungi leluhurmu tetep
manggon ing negara iki.
9 Nanging banjur padha lali marang
Gusti Allah, iya Allahé wong-wong mau,
mulané banjur padha diserang lan

dikalahaké déning Siséra, sénapatining
raja ing Hazor. Sabanjuré dipasrahaké
marang tangané wong Filistin lan raja
ing Moab,
10 banjur padha nyuwun marang Gusti
Allah sarta ngakoni, ‘Kawula sampun
sami damel dosa, sebab sami nyingkur
Panjenengan, sarta sami nyembah
reca-reca Déwa Baal saha Astorèt.
Nanging, samenika, mugi Gusti ngluwari
saking tanganing mengsah kawula, saha
kawula badhé lajeng ngabekti dhateng
Gusti!’
11 Gusti Allah banjur ngutus Gidéon,
banjur Barak, sawisé kuwi Yéfta, lan
wekasan aku. Kowé kabèh wis padha
dakbébasaké saka mungsuhmu, nganti
bisa urip kanthi tentrem.
12 Nanging bareng kowé kabèh padha
weruh yèn arep dilurugi Nahas raja
Amon, kowé kabèh padha ngemohi
Gusti Allah sing dadi rajamu, sarta
matur marang aku, ‘Kula kepéngin dipun
préntah déning raja.’
13 Saiki, delengen, yaiki raja sing
kokpilih. Kowé wis padha nyuwun, sarta
Gusti Allah wis maringi.

14 Padha tentrema uripmu, samasa
padha ngabekti marang Allah,
ngrungokaké lan mbangun-turut marang
dhawuhé, apa menèh yèn kowé kabèh
lan rajamu tetep nindakaké dhawuhé
Allahmu.
15 Kosokbaliné yèn padha ora
ngrungokaké dhawuhé Gusti Allah, kowé
lan rajamu mesthi bakal dilawan déning
Allah.
16 Saiki aja lunga dhisik! Gatèkna
kaélokan gedhé sing bakal ditindakaké
déning Gusti Allah.
17 Aku bakal nyebut marang Gusti Allah,
lan senajan saiki mangsa ketiga, Allah
bakal nekakaké gludhug sarta udan
minangka wangsulané pandongaku.
Ing wektu kuwi, kowé bakal padha
rumangsa, sepira gedhéning dosamu
marang Allah, merga nyuwun anané
raja."
18 Samuèl banjur ndedonga, lan ing
dina iku uga Allah nekakaké gludhug lan
udan. Bangsa mau kabèh padha wedi
marang Allah lan marang Samuèl.
19 Banjur padha matur marang Samuèl,
"Bapak, kula panjenengan tulungi,
supados kula sampun ngantos sami

pejah. Samenika kula sami ngrumaosi
dosa kula saha kula sampun sami damel
dosa malih, inggih menika nyuwun
kaparingan raja."
20 Samuèl mangsuli, "Aja padha wedi!
Senajan kowé wis padha nglakoni
sakèhé piala, aja padha ngemohi
Gusti Allah, nanging tetepa ngabdi
kanthi gumolonging atimu marang
Panjenengané.
21 Aja padha manut déwa-déwa, sing
ora bisa nulungi lan nylametaké kowé,
sebab pancèn iya ora ana.
22 Gusti Allah wis sumpah yèn ora bakal
nilar kowé kabèh sebab wis mutusaké
kowé kabèh dadi umat kagungané.
23 Déné aku, muga-muga aku ora
gawé dosa marang Gusti Allah merga
mandheg enggonku ndedonga kanggo
kowé. Malah aku bakal terus mulang
kowé prekara-prekara sing bener lan
becik.
24 Gusti Allah padha urmatana lan kowé
padha ngabdia marang Panjenengané
kanthi setya lan gumolonging atimu.
Élinga marang prekara-prekara gedhé
sing wis ditandukaké kanggo kowé.

25 Nanging menawa kowé tansah gawé
dosa, kowé lan rajamu bakal padha
lebur."

13 1 Ing sawijining dina, bareng Saul
wis dadi raja,[h]
2 milih wong telung èwu, sing rong
èwu manggon karo Saul ing Mikmas lan
ing wilayah pegunungan Bètèl, déné
sing sèwu bebarengan karo Yonatan,
putrané, menyang Gibéa ing wilayahé
taler Bènyamin. Liyané padha dililani
mulih menyang omahé dhéwé-dhéwé.
3 Yonatan ngalahaké bala Filistin
ing Géba, lan bangsa Filistin padha
krungu wartané. Saul banjur kongkonan
ngunèkaké slomprèt ing satlatahé
negara kanggo ngundangi wong Ibrani
supaya maju perang.
4 Wong Israèl kabèh padha diwènèhi
weruh, yèn Saul wis matèni sénapati
Filistin. Mula wong Filistin padha
nggethingi wong Israèl. Rakyat banjur
padha mèlu nggabung karo undangan
mau, dadi siji karo Saul ing Gilgal.

---

[h] Ing salebeting Kitab Suci basa Ibrani, ungelipun ayat 1: Umuré Saul saméné taun, nalika dadi raja, lan mréntah bangsa Israèl rong taun.

5 Ing wektu semana wong-wong Filistin wis padha kumpul arep nyerang wong Israèl. Wong-wong kuwi duwé kréta perang telung puluh èwu,[i] prejurit jaranan nem èwu, sarta para prejurit liyané akèhé kaya wedhi ing pinggir segara. Banjur padha nglurug perang, ngedegaké kémah ing Mikmas ing sawétaning Bèt-Awèn.
6 Prejurit-prejurit mau banjur padha nyerang wong-wong Israèl, nganti wong-wong Israèl padha kepèpèt. Akèh sing padha ndhelik ing guwa-guwa, ing jurang-jurang utawa ing sela-selaning parang; ing sumur lan ing growongan lemah.
7 Iya ana sing nyabrang Kali Yardèn lan mlebu ing wilayah Gad lan Giléad. Saul isih ana ing Gilgal, lan wong-wongé sing padha mèlu padha gemeter merga saka wediné.
8 Saul enggoné ngentèni Samuèl suwéné pitung dina, cocog karo welingé, nanging Samuèl durung tekan ing Gilgal, déné Saul wis wiwit ditinggal prejurité;

---

[i]telung puluh èwu: wonten ing ‘naskah-naskah’ sanèsipun: telung èwu.

9 mulané Saul banjur préntah marang
wong-wong mau, "Kurban obongan lan
kurban suci kuwi gawanen mréné!" Saul
dhéwé banjur nyaosaké kurban obongan
mau.
10 Lagi waé rampung enggoné
nindakaké, Samuèl teka. Saul
methukaké arep nyalami,
11 nanging Samuèl ndhisiki, "Menapa
ingkang panjenengan tindakaken?"
Wangsulané Saul, "Kula sumerep bilih
tiyang-tiyang wiwit nilar kula, mangka
bapak mboten rawuh ing wekdal ingkang
sampun katemtokaken. Kaliyan malih,
tiyang Filistin sampun sami ngempal ing
Mikmas.
12 Kula lajeng mikir, ‘Sedhéla engkas
prejurit Filistin gèk nglurugi aku mréné,
ing Gilgal; mangka aku durung nyuwun
pitulunganė Gusti Allah!’ Milanipun kula
lajeng nyaosaken kurban menika."
13 Krungu mengkono Samuèl banjur
kandha karo Saul, "Ingkang panjenengan
tindakaken menika kirang prayogi. Upami
panjenengan netepi dhawuhipun Allah,
Gusti Allah temtu badhé netepaken
kraton panjenengan saha turun
panjenengan ing Israèl selaminipun.

14 Nanging samenika kraton
panjenengan mboten badhé lestantun,
sebab panjenengan mboten mbangun-
turut dhawuhing Allah. Gusti Allah
sampun milih tiyang ingkang dipun
kersakaken, kadadosaken rajaning para
umatipun."
15 Samuèl banjur lunga saka Gilgal
sarta nerusaké lakuné menyang Gibéa
ing wilayah Bènyamin. Dhèk semana
Saul mriksa barisané, cacahé kira-kira
ana wong nem atus.
16 Saul lan Yonatan, putrané, sarta
prejurité padha pasang kémah ing Gibéa,
ing wilayah Bènyamin; déné wong-wong
Filistin padha ana ing Mikmas.
17 Nalika iku uga ana rampog telung
rombongan mangkat saka kémahé
Filistin nglurug perang. Rombongan sing
siji ngener Ofra ing wilayah Syual,
18 rombongan sing nomer loro menyang
Bèt-Horon, lan rombongan liyané nuju
tapel watesé tanah ngaré Zéboim lan
ara-ara samun.
19 Ing sawilayah Israèl ora ana pandhé,
sebab wong Filistin ora ngolèhaké wong
Ibrani gawé pedhang lan tumbak.

20 Dadi wong Israèl yèn arep ngasah
kajèné, paculé, wadungé lan arité kudu
lunga menyang panggonané wong
Filistin.
21 Opahé kanggo ngasah wadung lan
mbeneraké angkus dhuwit cilik siji;
kanggo ngasah kajèn utawa pacul dhuwit
cilik loro.
22 Kuwi sebabé nalikané ana perang
ing Mikmas, ora ana wong Israèl siji
waé sing duwé pedhang utawa tumbak,
kejaba Saul lan Yonatan, putrané.
23 Wong Filistin mapanaké pos pejagan
kanggo njaga juranging gunung ing
Mikmas.

14 1 Ing sawijining dina Yonatan
kandha karo pemuda sing nggawa
gegamané, "Ayo, padha menyang pos
Filistin ing sabrang kana!" Lunganè mau
ora pamit bapakné.
2 Dhèk semana Saul lagi ana sangisoring
wit dlima ing Migron, ora adoh saka
Gibéa. Balané sing mèlu cacahé kira-kira
wong nem atus.
3 (Imam sing nggawa éfod, Ahiya,
anaké Ahitub, yakuwi seduluré Ikabod.
Ikabod kuwi anaké Pinéhas, lan Pinéhas
anaké Èli, imamé Gusti Allah ing Silo.)

Wong-wong iya ora weruh yèn Yonatan
wis lunga saka kono.
4 Supaya bisa tekan pos Filistin mau,
Yonatan kudu ngliwati jurang sing diapit
watu karang sing pating cringih loro;
sing siji jenengé Bosès, sijiné Sènèh.
5 Watu karang ing sisih Lor ngadhepaké
Mikmas, lan ing sisih Kidul ngadhepaké
Géba.
6 Yonatan banjur kandha karo pemuda
mau, "Ayo padha lunga menyang
posé wong Filistin, wong kapir kuwi.
Mbokmenawa Gusti Allah kersa nulungi
kita, sebab Gusti Allah bisa maringi
kemenangan, lantaran wong akèh utawa
wong sethithik."
7 Pemuda mau matur, "Menapa
kémawon ingkang sampéyan tindakaken,
kula tetep ndhèrèk."
8 "Iya becik," tembungé Yonatan.
"Sadurungé nyabrang, kita ngaton.
9 Yèn wong-wong mau akon kita
mandheg, ngentèni tekané kita bakal
tetep ana ing panggonan kita lan ora
sida nyabrang.
10 Nanging yèn padha akon kita mrana,
kita bakal mrana. Kuwi tandhané Gusti

Allah wis maringaké wong-wong mau
marang kita."
11 Bareng wong loro mau padha ngaton,
wong-wong Filistin banjur ngucap,
"Delengen, ana wong-wong Ibrani sing
metu saka guwa pandhelikané!"
12 Banjur padha mbengoki Yonatan
lan baturé, "Munggaha mréné! Kowé
arep dakajar!" Yonatan banjur kandha
karo pemuda mau, "Mèlua aku, merga
wong-wong kuwi wis dipasrahaké déning
Gusti Allah marang bangsa Israèl."
13 Yonatan mbrangkang munggah
dietutaké pemuda mau. Angger Yonatan
mencungul, ngepruk wong Filistin nganti
ambruk, pemuda ing mburiné sing
matèni.
14 Perang sing wiwitan kuwi, Yonatan
lan pemuda mau matèni kira-kira wong
rong puluh, ing wilayah sing ambané
seprapat hèktar.
15 Kabar mau nggègèraké wong Filistin
ing kémah-kémah lan ing ara-ara. Wong
Filistin ing pos pejagan sarta rombongan
rampog padha wedi; malah buminé
gonjing ndadèkaké huru-hara sing
hébat.

16 Dhèk semana prejurit pengarepé
Saul ing Gibéa, ing wilayahé Bènyamin,
weruh yèn wong Filistin padha bingung
mlayu mrana-mréné.
17 Saul banjur préntah marang
prejurité, "Para prejurit étungen lan
priksanen sapa sing ora ana!" Prejurité
banjur padha nindakaké préntah mau lan
padha weruh yèn Yonatan lan pemuda
sing nggawa gegaman ora ana.
18 "Éfodé gawanen mréné," tembungé
Saul marang imam Ahia. (Ing dina
kuwi Ahia nggawa éfod ing sangareping
wong-wong Israèl.)
19 Nalika Saul lagi omong-omong karo
imam mau, wong-wong Filistin ing
kémah saya gègèr, nganti Saul kandha
karo imam, "Wis ora ana wektu menèh
kanggo nyuwun dhawuh marang Gusti
Allah."
20 Saul lan para prejurité padha maju
menyang ing peprangan.
21 Wong-wong Ibrani sing manggon
ing wilayahé wong Filistin, lan sing wis
mèlu balané wong Filistin, banjur padha
mbalik, mèlu Saul lan Yonatan.
22 Mengkono uga wong-wong Israèl
sing padha ndhelik ing pegunungan

Éfraim, bareng krungu yèn wong Filistin
padha keplayu, banjur padha mèlu maju
perang.
23 Enggoné padha perang urut dalan
nganti ngliwati Bèt-Awèn. Ing dina kuwi
Gusti Allah mitulungi wong Israèl.
24 Merga saka luwéné, ing dina
kuwi wong-wong Israèl wis ora duwé
kekuwatan menèh: mangka Saul wis
sumpah mengkéné, "Kenaa ing ipat-ipat
sapa sing mangan apa waé ing dina iki,
sadurungé aku males ukum marang
mungsuhku." Mulané sedina muput ora
ana sing mangan.
25 Wong-wong mau banjur tekan alas
sarta nemu madu akèh banget,
26 nanging ora ana wong siji waé sing
ngicipi, sebab wedi sumpahé Saul.
27 Nanging Yonatan ora krungu yèn
bapakné wis nyumpahi wong-wong kuwi;
mulané tekené disogokaké ing talané
sing isi madu, banjur dijupuk maduné
lan dipangan. Wusanané banjur krasa
luwih kuwat.
28 Banjur ana prejurit matur marang
Yonatan, "Kula sedaya sampun mboten
gadhah kekiyatan malih mergi luwé.

Nanging bapak sampéyan sampun
ngajrih-ajrihi kula kanthi sumpah."
29 Yonatan mangsuli, "Pancèn
kebangeten sing ditindakaké bapakku.
Delengen, sawisé mangan madu
sethithik waé aku saiki dadi kuwat.
30 Upama ing dina iki wong-wong kena
mangan pangan sing dirampas nalika
ngalahaké mungsuh, wong-wong Filistin
sing kita patèni mesthi luwih akèh."
31 Ing dina kuwi wong Israèl padha
ngalahaké wong Filistin ing sauruting
dalan saka Mikmas nganti tekan Ayalon.
Nanging wong Israèl dadi padha kesel
banget,
32 nganti padha ngrebut barang
rampasan saka mungsuh; wedhus
gèmbèl, sapiné padha dijupuki lan
disembelèh ing panggonan kono; daging
sing isih ana getihé padha dipangan.
33 Saul banjur diaturi mengkéné, "Sang
Prabu, para kawula sami damel dosa
dhateng Gusti Allah, sebab sami nedha
daging kaliyan rahipun." "Kowé padha
nglakoni piala!" pambengoké Saul.
"Glundhungna watu sing gedhé mréné."
34 Pangucapé menèh marang wong-
wong sing nggawa kabar mau, "Para

kawula padha konen mréné nggawa sapi lan wedhusé gèmbèl, disembelèha ing sandhuwuring watu iki lan dipangana ing kéné. Srana mengkono wong-wong padha ora mangan daging sagetihé lan ora gawé dosa menèh marang Allah." Ing bengi kuwi uga para kawula kabèh padha nggawa rampasané lan nyembelèh kéwan-kéwané ana ing kono.
35 Saul banjur ngedegaké mesbèh kagem Gusti Allah; yakuwi mesbèh sing kawitan.
36 Saul banjur kandha karo para prejurité, "Ayo kita padha nyerang wong Filistin bengi iki, banjur ngrampog lan matèni wong-wong kuwi tekan ésuk." Aturé wong-wong, "Mangga sakersa panjenengan." Nanging aturé imam, "Mangga langkung rumiyin nyuwun pitedah dhateng Gusti Allah."
37 Saul banjur nyuwun marang Gusti Allah, "Menapa kepareng kula nyerang tiyang Filistin? Menapa tiyang-tiyang menika Panjenengan pasrahaken dhateng tanganipun tiyang Israèl?" Nanging ing dina kuwi Gusti Allah ora paring wangsulan.

38 Mulané Saul kandha karo para
pemimpining prejurité, "Mrénéa lan
priksanen, dosa apa sing padha
ditindakaké ing dina iki.
39 Aku janji atas asmané Allah kang
gesang, sing wis maringi kemenangan
marang Israèl, yèn ana sing salah bakal
diukum pati, senajan Yonatan, putraku
pisan." Nanging ora ana siji waé sing
wani mangsuli.
40 Saul banjur préntah marang bangsa
Israèl kabèh, "Kowé kabèh padha
ngadega ing sisih kana, déné aku lan
Yonatan ngadeg ana ing sisih kéné."
Aturé wong-wong, "Mangga sakersa
panjenengan."
41 Saul banjur ndedonga, "Gusti,
Allahipun Israèl, menapa sebabipun
Paduka mboten paring wangsulan
dhateng kawula? Gusti, mugi paring
wangsulan lumantar séla-séla ingkang
suci menika. Menawi kalepatan menika
wonten ing kawula utawi Yonatan, mugi
kaparingan wangsulan, Urim; nanging
menawi kalepatan menika wonten ing
umat Paduka Israèl, mugi kaparingan
wangsulan, Tumim." Déné kang katuding

déning Allah Yonatan lan Saul; yèn
mengkono para prejurité ora salah.
42 Pangucapé Saul, "Temtokna ing
antarané aku lan Yonatan." Banjur
Yonatan sing dianggep salah.
43 Saul banjur takon marang Yonatan,
"Apa sing wis koktindakaké?" Yonatan
matur, "Kula sampun ngicipi madu
nganggé pucuking teken kula; kula
purun pejah."
44 Pangucapé Saul marang Yonatan,
"Yonatan, muga-muga yèn kowé ora
diukum pati, aku diukum déning Allah."
45 Nanging wong-wong padha matur
marang Saul, "Menapa Yonatan kedah
dipun ukum pejah? Mangka Yonatan
ingkang miwiti damel kemenangan
ageng menika? Mboten! Kula sami janji
atas asmanipun Gusti Allah ingkang
gesang, Yonatan mboten badhé kécalan
rambutipun saler kémawon saking
sirahipun. Mergi pitulunganipun Allah,
piyambakipun saged unggul ing dinten
menika." Srana mengkono Yonatan
diuwalaké saka ukuman pati déning
wong akèh.
46 Sawisé kuwi wong Filistin banjur
padha bali menyang wilayahé dhéwé,

sebab Saul ora nututi wong-wong kuwi menèh.

47 Sawisé Saul dadi rajané bangsa Israèl, banjur nganakaké peprangan nglawan mungsuhé Israèl kabèh, yakuwi wong Moab, wong Amon, wong Édom, raja-raja Zoba, lan wong Filistin. Ing peprangan ngendi waé Saul tansah unggul.

48 Enggoné perang kanthi gagah prakosa lan ngalahaké wong Amalèk, sarta nguwalaké Israèl saka pangwasané rampog.

49 Para putrané Saul yakuwi: Yonatan, Yiswi lan Malkisua. Déné putrané putri sing mbarep jenengé Mérab lan sing nomer loro Mikhal.

50 Garwané jenengé Ahinoam, anaké Ahimaas; sénapatiné Abnèr, anaké Nèr, pamané Saul.

51 Kis bapakné Saul, lan Nèr, bapakné Abnèr, kuwi padha anaké Abièl.

52 Selawasé urip Saul tansah perang nglawan wong Filistin, mulané yèn Saul weruh ana wong kuwat utawa kendel, énggal-énggal didadèkaké prejurit.

15 1 Ing sawijining dina Samuèl kandha karo Saul, "Gusti

Allah sampun dhawuh dhateng kula
njumenengaken sang prabu dados
ratunipun tiyang Israèl. Milanipun, sang
prabu prayogi nampènana dhawuhipun
Gusti Allah ingkang mahakwaos.
2 Panjenenganipun badhé ngukum
tiyang Amalèk, sebab leluhuripun
nglawan tiyang Israèl nalika sami késah
saking Mesir.
3 Dados, tiyang Amalèk menika kedah
dipun serang, dipun lawan, bandhanipun
kedah dipun lebur sedaya, sampun
ngantos wonten ingkang kantun.
Tiyang jaler, tiyang èstri, laré-laré saha
bayinipun; lembunipun, méndanipun,
untanipun sarta kuldinipun kedah dipun
pejahi."
4 Saul banjur ngumpulaké prejurité,
enggoné ngétung ana ing Telaim; kabèh
ana prejurit 200.000 saka Israèl lan
10.000 saka Yéhuda.
5 Sawisé kuwi Saul banjur budhal
bebarengan karo prejurité menyang
kutha Amalèk, nata baris pendhem ana
ing kali sing ora ana banyuné.
6 Saul iya weling marang wong
Kèni, mengkéné, "Sumingkira saka
ing tengahé bangsa Amalèk, supaya

padha ora katut ketumpes bareng karo
wong-wong kuwi, sebab leluhurmu wis
padha gawé becik marang wong Israèl,
nalika padha mentas saka tanah Mesir."
Wong Kèni banjur padha lunga saka
kono.
7 Saul banjur perang mungsuh
wong-wong Amalèk, sarta ngalahaké
wong-wong mau ing sauruting dalan
wiwit saka Hawila tekan Syur ing
sakuloné Mesir.
8 Kabèh wong Amalèk sarta para
prejurité padha dipatèni. Nanging Agag,
rajané wong Amalèk lan para prejurité
dicekel lan ora dipatèni; mengkono uga
wedhusé sarta sapiné sing becik-becik,
pedhèté lan cempéné sing lemu-lemu,
lan apa waé sing larang regané. Mung
raja-kaya sing ala lan ora ana regané
waé sing dilebur.
9 (15:8)
10 Gusti Allah banjur ngandika marang
Samuèl,
11 "Aku keduwung déné milih Saul dadi
raja, sebab dhèwèké wis ngemohi Aku,
lan ora nindakaké dhawuh-Ku." Samuèl
nepsu, sewengi muput enggoné nyebut
marang Gusti Allah.

12 Ésuké, ésuk-ésuk banget, Samuèl
wis mangkat arep nemoni Saul. Samuèl
dikabari, yèn Saul wis lunga menyang
kutha Karmèl sarta ngedegaké watu
pangéling-éling kanggo awaké dhéwé
ana ing kana, banjur terus menyang
Gilgal.
13 Bareng Samuèl ketemu Saul, banjur
dibagèkaké déning Saul mengkéné,
"Mugi-mugi Gusti Allah mberkahi
sampéyan! Kula sampun nindakaken
dhawuhipun Allah."
14 Nanging Samuèl kandha, "Menawi
mekaten, menapa sebabipun déné taksih
wonten suwantenipun lembu mbengok
sarta ménda embèk-embèk?"
15 Wangsulané Saul, "Kéwan-kéwan
menika rampasan saking tiyang Amalèk.
Ménda sarta lembunipun ingkang saé
piyambak sampun dipun pendhet déning
para umat, dipun saosaken minangka
kurban kagem Allahipun. Nanging
sanèsipun sampun kula lebur."
16 Krungu mengkono, Samuèl kandha,
"Mangké rumiyin. Panjenengan
badhé kula kabari menapa ingkang
sampun dipun ngandikakaken Gusti
Allah dhateng kula kala wau dalu."

"Kadospundi ngandikanipun?" pitakoné
Saul.
17 Tembungé Samuèl, "Panjenengan
rak dados pemimpinipun bangsa Israèl,
senajan waunipun rumaos dados tiyang
alit? Panjenengan sampun dipun pilih
Gusti Allah dados rajaning Israèl,
18 menapa malih sampun dipun
dhawuhi Gusti Allah nglebur tiyang
Amalèk ingkang awon menika.
Panjenengan dipun dhawuhi perang
nglawan tiyang-tiyang wau ngantos
tumpes.
19 Menapa sebabipun panjenengan
mboten mituhu dhawuhipun Gusti Allah?
Menapa sebabipun sami ngrampas.
Menawi mekaten rak awon wonten ing
penggalihipun Gusti Allah?"
20 Wangsulané Saul, "Kula sampun
ngèstokaken dhawuhipun Allah, sarta
nindakaken kersanipun; Agag, raja
Amalèk, kula tahan lan tiyang Amalèk
sedaya sampun kula tumpes.
21 Nanging tiyang-tiyang kula sami
milihi ménda saha lembu ingkang
saé-saé saking rampasan menika dipun
saosaken ing Gilgal minangka kurban
kagem Gusti Allah."

22 Pangucapé Samuèl, "Ingkang dados
keparengé Allah menika mbangun-turut
menapa pisungsung lan kurban?
Mbangun-turut dhateng Allah, langkung
saé tinimbang saos kurban. Mituhu,
langkung saé tinimbang gajih ménda.
23 Sebab mbangkang dhateng Gusti
Allah menika awonipun sami kaliyan
nyihir; gumedhé menika awonipun
sami kaliyan nyembah brahala.
Mergi panjenengan sampun nyingkur
dhawuhipun Allah, Gusti Allah inggih
sampun nyingkur panjenengan."
24 Krungu mengkono mau Saul ngakoni,
tembungé marang Samuèl, "Inggih,
kula pancèn sampun damel dosa.
Kula nerak dhawuhipun Allah sarta
nglirwakaken pitedahipun bapak. Kula
ajrih dhateng prejurit kula, lajeng kula
turuti panyuwunipun.
25 Nanging samenika, kula nyuwun
dhateng bapak, mugi kersa ngapunten
dosa kula saha wangsul sesarengan
kaliyan kula dhateng Gilgal, supados
kula saged ngibadah dhateng Allah."
26 Nanging Samuèl mangsuli, "Kula
mboten purun wangsul sesarengan
kaliyan panjenengan. Panjenengan

mboten mituhu dhawuhipun Allah, sarta
Gusti Allah inggih sampun nyingkur
panjenengan dados rajanipun Israèl."
27 Bareng Samuèl minger arep lunga,
Saul nggondhèli jubahé nganti suwèk.
28 Samuèl banjur kandha, "Ing dinten
menika Gusti Allah sampun nyuwèk
kratoning Israèl saking panjenengan,
sarta badhé kaparingaken dhateng
tiyang sanès, ingkang langkung saé
tinimbang panjenengan.
29 Ingkang Mahamulya, Allahipun Israèl,
menika mboten dora sarta mboten badhé
ngéwahi ingkang dados kersanipun,
sebab Panjenenganipun menika sanès
manungsa, ingkang saged keduwung."
30 Wangsulané Saul, "Kula sampun
damel dosa, nanging samboten-
mbotenipun mugi kersaa nedahaken
kurmatipun dhateng kula ing
sangajenging para pemimpining
bangsa kula sarta ing sangajenging
bangsa Israèl. Kula aturi wangsul
sesarengan kaliyan kula, supados kula
saged ngibadah dhateng Allahipun
bapak."

31 Samuèl banjur bali bebarengan
karo Saul menyang Gilgal, sarta Saul
ngibadah marang Allah.
32 Samuèl banjur préntah, "Raja Agag
gawanen mréné." Agag banjur sowan
kanthi pengarep-arep, sebab dhèwèké
mikir, "Bebaya pati wis kliwat."
33 Pangucapé Samuèl, "Pedhangmu wis
ndadèkaké para ibu kélangan anaké,
mengkono uga ibumu bakal kélangan
anaké." Samuèl banjur nugel-nugel Agag
ing sangareping mesbèh ing Gilgal.
34 Sawisé kuwi Samuèl lunga menyang
Rama, déné Raja Saul mulih menyang
omahé ing Gibéa.
35 Nganti tumeka ing patiné, Samuèl
ora ketemu menèh. Nanging Samuèl
susah atiné, sebab Gusti Allah keduwung
enggoné ngangkat Saul dadi raja Israèl.

16 1 Sawisé sawetara suwéné Gusti
Allah ngandika marang Samuèl,
"Nganti pira lawasé enggonmu susah
merga saka Saul? Dhèwèké rak wis
Daksingkur enggoné dadi raja Israèl?
Saiki, njupuka lenga zaitun lan lungaa
menyang Bètléhèm, ing panggonané
Isai, sebab anaké salah siji wis Dakpilih
dadi raja."

2 Nanging Samuèl matur, "Kadospundi
enggèn kula badhé nglampahi, menawi
prekawis menika kepireng déning Saul;
kawula mesthi dipun pejahi." Gusti Allah
ngandika, "Nggawaa sapi sing isih enom
siji, sarta kabarna karo wong-wong,
yèn enggonmu teka ing kana prelu saos
kurban marang Gusti Allah.
3 Isai banjur undangen ing upacara
kurban mau. Mengko Dakparingi weruh
apa sing kudu koktindakaké. Wong sing
Daktuduhaké kowé kuwi, kudu kokjebadi
dadi raja."
4 Samuèl nglakoni apa sing
dingandikakaké Gusti Allah. Bareng wis
tekan ing Bètléhèm, para pemimpining
kutha padha kagèt, methukaké karo
matur, "Ngaturaken sugeng rawuh!"
5 Wangsulané Samuèl, "Iya. Tekaku
prelu saos kurban marang Allah. Mulané
padha sesucia lan mèlua nindakaké
upacara saos kurban marang Gusti
Allah." Isai lan anak-anaké iya didhawuhi
sesuci sarta padha diundang.
6 Bareng wis padha kumpul,
Samuèl mandeng Éliab, anaké
Isai, pangunandikané, "Mesthi iki
pilihané Gusti Allah."

[7] Nanging Gusti Allah ngandika marang
Samuèl, "Aja nyawang dhuwur lan
bagusing rupané. Dudu dhèwèké sing
Dakkersakaké. Aku ora mawas cara
manungsa. Yèn manungsa mung mawas
lairé, nanging Aku mawas batiné."
[8] Isai banjur ngundang Abinadab,
anaké, dikon sowan Samuèl. Nanging
Samuèl kandha, "Iki iya dudu pilihané
Gusti Allah."
[9] Syama banjur dikon maju déning Isai,
nanging Samuèl kandha, "Iki iya dudu
pilihané Gusti Allah."
[10] Mulané Isai banjur akon anaké
lanang pitu genti-gentèn sowan Samuèl,
nanging Samuèl kandha karo wong-wong
mau, "Wong-wong iki iya dudu pilihané
Gusti Allah."
[11] Samuèl banjur takon marang Isai,
"Apa iki wis kabèh?" Aturé Isai, "Taksih
setunggal ingkang ragil, nanging saweg
angèn ménda." Samuèl kandha, "Coba
paranana, sebab kita ora bakal saos
kurban sadurungé dhèwèké teka."
[12] Isai banjur kongkonan marani anaké.
Jebul dhèwèké kuwi pemuda sing
nggantheng lan waras; mripaté katon

éndah. Gusti Allah banjur ngandika
marang Samuèl, "Iya iki, jebadana!"
13 Samuèl énggal-énggal njupuk lenga
zaitun lan njebadi Dawud ana ing
sangareping kakang-kakangné. Sanalika
iku uga Dawud dikwasani Rohé Allah; iya
wiwit ing dina kuwi lan saterusé tansah
dikanthi déning Rohé Allah. Samuèl
banjur mulih menyang Rama.
14 Sawisé kuwi Saul ditinggal déning
Rohé Allah, sarta dikwasani déning roh
ala sing diutus déning Gusti Allah.
15 Mulané para abdiné Saul matur
marang Saul, "Kula sami sumerep bilih
roh reged ingkang dipun utus Gusti Allah
ngwaosi panjenengan.
16 Menawi panjenengan ngersakaken,
kula sami badhé pados tiyang ingkang
pinter main clempung. Menawi
panjenengan kaleres dipun siksa déning
roh wau, tiyang menika saged main
clempungipun, saha panjenengan badhé
kraos senggang."
17 Saul banjur préntah marang wong-
wong, "Golèkana wong sing pinter main
clempung, jaken mréné."
18 Bareng krungu mengkono ana
abdiné sing matur, "Isai saking kitha

Bètléhèm gadhah anak jaler ingkang pinter main musik. Piyambak ipun dados prejurit ingkang kendel saha saé. Langkung-langkung piyambakipun pinter gineman, lan tinunggil ing Allah."
19 Saul banjur kirim utusan nemoni Isai, diweling mengkéné, "Anakmu si Dawud, sing angon wedhusmu, konen sowan aku."
20 Isai banjur njupuk kuldiné, terus dimomoti cempé siji, roti lan kanthong kulit kebak anggur. Kabèh mau dipasrahaké Dawud supaya dipisungsungaké marang Saul.
21 Dawud banjur sowan Saul sarta didadèkaké abdiné. Dhèwèké dikasihi banget déning Saul lan didadèkaké tukang nggawa gamané.
22 Saul banjur ngirim kongkonan nemoni Isai sarta diweling, "Aku tresna marang Dawud, mula lilanana tetep ana ing kéné, ngladèni aku."
23 Wiwit kuwi, saben-saben Saul ditekani roh reged, Dawud banjur njupuk clempungé lan clempungan. Saul krasa tentrem lan waras menèh, sebab ditinggal roh reged mau.

17

1 Ing sawijining dina wong Filistin
nglumpukaké prejurité arep maju
perang. Enggoné ngatur barisan ing
kutha Sokho, wilayah Yéhuda sarta
masang kémahé ing antarané Sokho lan
Azéka, sacedhaké Èfès Damim.
2 Saul lan wong-wong Israèl iya padha
kumpul lan padha masang kémah ing
tanah ngaré Éla; padha tata-tata arep
nglawan wong Filistin.
3 Barisané wong Filistin padha ngadeg
ing pèrènging gunung sarta barisané
wong Israèl ing pèrènging gunung liyané,
déné ing antarané ana tanahé ngaré.
4 Banjur ana wong lanang jenengé
Goliat, saka kutha Gat, metu saka
kémahé wong Filistin, nantang wong
Israèl. Dhuwuré kira-kira ana telung
mèter,
5 sarta wong mau nganggo topi tembaga
lan klambi perang saka tembaga, boboté
kira-kira ana sèket pitu kilogram.
6 Sikilé padha nganggo tutup tembaga,
lakuné manggul tumbak tembaga.
7 Gedhéning tumbaké padha karo
baloking tenunan, déné boboting wesi
ing pucuking tumbak kira-kira ana pitung

kilogram. Ana prejurit siji sing nggawa
tamèngé mlaku ing ngarepé.
8 Goliat enggoné mlaku mandheg,
banjur mbengoki prejurit Israèl, "Kowé
lagi padha ngapa ana kono? Apa padha
arep perang? Aku iki wong Filistin, hé
para baturé Saul! Pilihen salah siji sapa
sing wani perang tandhing karo aku.
9 Yèn sajroné perang mau aku sing
mati, aku kabèh bakal dadi baturmu,
nanging yèn aku sing menang lan bisa
matèni dhèwèké, kowé kabèh bakal dadi
baturku.
10 Saiki uga, prejurit Israèl daktantang;
miliha wong siji karebèn perang tandhing
karo aku!"
11 Bareng Saul lan prejurité padha
krungu sesumbaré mau, padha kagèt
lan wedi banget.
12 Dawud kuwi anaké Isai, wong Éfrat,
saka Bètléhèm tanah Yéhuda. Isai
duwé anak lanang wolu, sarta nalika
Saul nyekel pepréntahan, Isai wis tuwa
banget.
13 Anaké Isai sing gedhé-gedhé telu
wis maju ing peprangan mèlu Saul. Sing
mbarep jenengé Éliab, sing nomer loro

jenengé Abinadab, lan sing nomer telu
Syama.
14 Dawud kuwi anaké sing ragil. Nalika
kakangné telu sing gedhé-gedhé padha
maju perang mèlu Saul,
15 saben-saben Dawud lunga saka
panggonané Saul lan mulih menyang ing
Bètléhèm angon wedhusé bapakné.
16 Patang puluh dina lawasé, saben
ésuk lan soré, Goliat nyedhaki barisané
wong Israèl karo nantang perang.
17 Ing sawijining dina Isai kandha
karo Dawud, "Njupuka emping gandum
sepuluh kilogram lan roti sepuluh iji,
gawanen menyang ing panggonané
kakang-kakangmu ing kémahé para
prejurit.
18 Iya nggawaa kèju sepuluh iji aturna
marang sénapatining prejurit. Takona
kepriyé kaananané kakang-kakangmu; lan
nggawaa bukti kanggo aku, yèn kowé
wis ketemu kanthi slamet.
19 Kakangmu padha ana ing tanah
ngaré Éla bebarengan karo Saul, sarta
wong-wong Israèl, lagi padha perang
nglawan wong Filistin."
20 Ésuké, isih ésuk, Dawud wis tangi,
tata-tata, wedhusé padha dititipaké

marang pangon; njupuk gawané banjur
mangkat, kaya sing dipréntahaké déning
bapakné. Nalika tekan ing kémah,
wong Israèl pinuju mangkat menyang
peprangan karo surak-surak.
21 Prejurit Filistin lan Israèl wis padha
adhep-adhepan tata-tata arep perang.
22 Dawud banjur nitipaké gawané mau
marang sing jaga praboting prejurit,
banjur mlayu menyang peprangan prelu
nemoni kakang-kakangné.
23 Nanging nalika padha guneman,
Goliat maju lan nantang wong Israèl,
kaya sing uwis-uwis. Dawud krungu
sesumbaré mau.
24 Bareng wong Israèl padha weruh
Goliat, banjur mlayu merga saka wediné.
25 "Delengen!" tembungé siji karo
sijiné. "Rungokna penantangé; Saul raja
kita wis janji, sapa waé sing bisa matèni
Goliat, bakal olèh ganjaran gedhé. Bakal
didhaupaké karo putrané putri. Lan
kulawargané bapakné bakal ora susah
mbayar pajeg."
26 Dawud banjur kandha, "Wani temen
wong Filistin kapir kuwi! Wani-waniné
nantang prejurité Gusti Allah kang
gesang." Dawud banjur takon karo

salah sawijining prejurit, "Tiyang
ingkang saged mejahi tiyang Filistin lan
saged mangsulaken drajatipun Israèl
ganjaranipun menapa?"
27 Prejurit kuwi ngandhakaké apa sing
wis dijanjèkaké déning sang raja.
28 Éliab, kakangné Dawud sing mbarep,
krungu Dawud omong-omong karo para
prejurit, nepsu karo adhiné lan ngucap,
"Yagéné kowé mréné? Sapa sing kokkon
ngopèni wedhusmu ing ara-ara? Aku
ngerti yèn kowé kumenthus; tekamu ing
kéné mung arep nonton wong perang?"
29 Wangsulané Dawud, "Salahku apa
ta? Aku rak mung takon."
30 Dawud banjur nemoni prejurit-
prejurit liyané, lan wangsulané iya padha
waé.
31 Nanging wong-wong sing padha
krungu kandhané Dawud, padha
ngaturaké marang Saul, mulané Dawud
ditimbali supaya sowan.
32 Aturé Dawud marang Saul, "Gusti,
kita mboten prelu ajrih kaliyan tiyang
Filistin menika! Kula badhé majeng
perang tandhing."
33 "Aja," wangsulané Saul. "Kepriyé
enggonmu arep perang tandhing? Kowé

isih bocah, mangka dhèwèké wis kulina
perang wiwit cilik mula."
34 Nanging Dawud matur, "Gusti, kula
sampun kulina angèn méndanipun
bapak kula; menawi wonten singa utawi
bruwang ingkang dhateng sarta ndekep
cempé kula,
35 kéwan galak wau kula oyak lan kula
lawan, cempénipun kula rebat. Menawi
singa utawi bruwangipun nyerang kula,
kula cepeng gulunipun, lajeng kula
gebagi ngantos pejah.
36 Kula sampun naté mejahi singa
kaliyan bruwang. Tiyang Filistin kapir
menika sami, inggih kados mekaten
menika, mergi piyambakipun sampun
wani nantang prejuritipun Allah ingkang
sipat gesang.
37 Gusti Allah sampun milujengaken
kula saking cakaripun singa lan
bruwang, mila Gusti Allah inggih badhé
milujengaken kula saking tanganipun
tiyang Filistin menika." Pangucapé
Saul marang Dawud, "Iya wis becik,
muga-muga Gusti Allah nunggil karo
kowé."
38 Saul banjur maringaké sandhangané
perang lan klambi wesi marang Dawud

sarta banjur dienggo. Saul ngetrapaké
topi tembaga ing sirahé Dawud.
39 Wusanané Dawud nyengkelit
pedhangé Saul ing klambiné wesi
mau sarta nyoba mlaku, nanging ora
bisa, sebab durung kulina nganggo
sandhangan perang. "Kula mboten saged
mlampah nganggé sandhangan menika,"
aturé marang Saul. "Kula dèrèng kulina
nganggé."
40 Penganggo perang mau banjur diuculi
kabèh. Dawud banjur njupuk tekené,
lan milih watu lima sing klimis saka kali,
banjur dilebokaké ing kanthongé. Karo
nyangking bandhilé, Dawud mapagaké
Goliat.
41 Ora antara suwé Goliat nyedhaki
Dawud, déné sing nggawa tamèngé
mlaku ana ing ngarepé.
42 Bareng Goliat weruh lan
maspadakaké Dawud, banjur nggeguyu
merga bocahé isih enom lan ngganteng.
43 Pangucapé Goliat marang Dawud,
"Kanggo apa teken kuwi? Apa kokkira
aku iki asu?" Dawud banjur diipat-ipati
demi para déwané.
44 Karo menèh dhèwèké kandha sora
marang Dawud, "Ayo, majua! Awakmu

arep dakpakakaké manuk lan kéwan
galak."
45 Nanging Dawud mangsuli,
"Enggonmu mapagaké aku nganggo
pedhang, tumbak lan lembing, nanging
enggonku mapagaké kowé atas asmané
Gusti Allah Kang Mahakwasa, iya Allahé
prejurit Israèl sing kokrèmèhaké kuwi.
46 Ing dina iki uga Gusti Allah bakal
masrahaké kowé marang aku. Kowé
bakal dakkalahaké lan bakal daktugel
gulumu. Gembungmu lan bangkéné
para prejurit Filistin bakal dakpakakaké
manuk lan kéwan galak, supaya
dimangsa. Karebèn wong sadonya padha
ngerti yèn bangsa Israèl nduwèni Allah
sing padha daksembah.
47 Lan wong kabèh bakal padha weruh,
yèn Gusti Allah ora mbutuhaké pedhang
utawa tumbak kanggo nylametaké
umat kagunganè. Panjenenganè sing
menang ing peprangan iki sarta
Panjenenganè sing bakal masrahaké
kowé ing tanganku."
48 Goliat maju menèh nyedhaki Dawud;
Dawud banjur cepet-cepet mlayu
mapagaké lakuné.

49 Dawud banjur ngrogoh kanthongé
njupuk watu siji kabandhilaké marang
Goliat. Watu mau ngenani bathuké Goliat
nganti pecah, sarta ambruk krungkeb
ing lemah.
50 Dawud mlayoni Goliat, banjur njupuk
pedhangé diwetokaké saka rangkané
kanggo nugel guluné wong Filistin mau.
Dadiné Dawud ngalahaké lan matèni
Goliat, mung srana bandhil lan watu
waé. Bareng wong-wong Filistin padha
weruh yèn pemimpiné wis mati, banjur
padha keplayu.
51 (17:50)
52 Wong-wong Israèl lan Yéhuda padha
surak-surak sarta mburu wong-wong
Filistin wiwit saka Saaraim nganti tekan
Gat lan gapuranÉ Ékron. Wong-wong
Filistin sing padha tatu pating blasah ing
sauruting dalan.
53 Sawisé kuwi wong Israèl padha bali
saka enggoné mburu wong Filistin,
banjur ngrampas isining kémahé.
54 Dawud njupuk sirahé Goliat, sarta
digawa menyang Yérusalèm, nanging
gegamané Goliat disimpen ing kémahé
dhéwé.

55 Nalika Saul weruh Dawud mapagaké
Goliat, takon marang Abnèr, sénapatining
prejurit, "Abnèr! Kuwi anaké sapa?" "Kula
mboten sumerep, Gusti," wangsulané
Abnèr.
56 Préntahé Saul, "Lungaa lan prekara
kuwi takokna."
57 Bareng Dawud wis bali menyang
kémahé, sawisé matèni Goliat, dhèwèké
disowanaké Saul déning Abnèr. Dawud
isih nyangking sirahé Goliat mau.
58 Dawud banjur ditakoni déning Saul,
"Nggèr, kowé kuwi anaké sapa?" Aturé
Dawud, "Kula menika anakipun Isai,
tiyang ing Bètléhèm."

18 1 Sawisé Saul lan Dawud rampung
enggoné omong-omongan,
Dawud diangkat dadi pegawéné Saul
lan wiwit ing dina kuwi, ora olèh mulih
menyang omahé wong tuwané. Yonatan,
putrané Saul, wis krungu enggoné padha
omong-omongan mau, lan kepranan
karo Dawud, sarta enggoné nresnani
kaya marang awaké dhéwé.
2 (18:1)
3 Mulané Yonatan banjur sumpah bakal
dadi kancané Dawud ing selawasé.

4 Yonatan mbukak jubahé sing dienggo, banjur diwènèhaké Dawud, mengkono uga sandhanganė perang, pedhangé, gendhéwané lan sabuké.
5 Dawud maju perang lan tansah unggul menyanga ngendi waé enggoné kautus déning Saul. Mulané banjur diangkat dadi sénapati déning Saul. Déné Dawud ditresnani déning para prejurité kabèh sarta déning para kawulané Saul.
6 Sawisé ngalahaké Goliat, wong Filistin, Dawud bali bebarengan karo para prejurit mlebu kutha. Para wong wadon padha metu saka kutha-kutha ing Israèl methukaké Raja Saul. Wong-wong mau padha menyanyi lan jejogèdan karo nabuh trebang lan clempung.
7 Karo bungah-bungah wong-wong wadon padha menyanyi mengkéné, "Saul wis matèni mungsuh éwon, nanging Dawud puluhan éwon."
8 Krungu mengkono mau Saul nepsu banget. Tembungé, "Dawud kokdiarani wis matèni puluhan éwon, mangka aku mung éwon waé. Sedhéla menèh dhèwèké mesthi didadèkaké raja déning wong-wong kuwi."

9 Wiwit nalika dina kuwi Saul sengit
marang Dawud.
10 Ésuké Saul ana ing kamaré lagi
nyekel tumbak, déné Dawud lagi main
clempung kaya adaté. Dumadakan Saul
ditekani roh ala sing diutus déning Gusti
Allah, nganti ngamuk kaya wong édan.
11 "Dawud, daktancebné ing témbok!"
gagasané, banjur nlorongaké tumbaké
nganti ping pindho ngancam Dawud.
Nanging Dawud tansah bisa éndha.
12 Saul weruh yèn Dawud tinunggil ing
Allah, mangka dhèwèké dhéwé tinilar.
Mulané dhèwèké dadi wedi karo Dawud.
13 Saul banjur nglungakaké Dawud saka
kraton, lan didadèkaké penggedhéné
prejurit sèwu. Srana mengkono saben
ana peprangan Dawud mimpin prejurité.
14 Enggoné nindakaké kuwajibané
tansah kasil, sebab tinunggil ing Allah.
15 Bareng Saul weruh yèn Dawud
tansah begja, Saul saya wedi marang
Dawud.
16 Nanging bangsa Israèl lan Yéhuda
kabèh padha tresna, sebab Dawud dadi
penggedhé sing akèh jasané.
17 Saul ngrancang supaya Dawud
dipatèni déning wong Filistin ing

sajroning peprangan, dadi dudu
dhèwèké dhéwé sing matèni. Ing
sawijining dina Saul kandha karo Dawud,
"Mérab anakku wadon sing mbarep bakal
dakwènèhaké kowé, angger kowé gelem
perang kagem Gusti Allah."
18 Wangsulané Dawud, "Kula menika
sinten, saha brayatipun bapak kula ing
Israèl menika aosipun menapa, ngantos
kula dados mantunipun Raja?"
19 Nanging, bareng wis tekan wektuné,
Mérab sing arep dijodhokaké karo Dawud
mau jebul diningkahaké karo Adrièl saka
Méhola.
20 Nanging Mikhal, putrané Saul liyané,
tresna karo Dawud. Bareng Saul krungu
bab kuwi, banjur seneng banget.
21 Pangunandikané, "Mikhal bakal
daktawakaké Dawud, supaya Dawud
kena ing bebaya lan dipatèni déning
wong Filistin." Dadi Saul ngucap marang
Dawud sing ping pindhoné, "Saiki kowé
kena dadi mantuku."
22 Saul banjur kongkonan punggawané
supaya padha omong karo Dawud kanthi
dhedhemitan, mengkéné, "Sang Prabu
tresna dhateng sampéyan, mekaten ugi
para punggawa sedaya. Dados samenika

sampun wekdalipun kanggé sampéyan
krama kaliyan putranipun."
23 Nanging nalika wong-wong mau
padha mrayogakaké mengkono marang
Dawud, Dawud mangsuli, "Menapa
sampéyan kinten gampil dados
mantunipun raja? Kula rak tiyang mlarat
saha asor."
24 Wangsulané Dawud mau padha
diaturaké marang Saul,
25 lan Saul kongkonan wong-wong mau
kandha marang Dawud, mengkéné,
"Ingkang dipun kersakaken Sang Raja
minangka mas kawin namung ikutipun
tiyang Filistin satus, minangka pemales
tumrap mengsahipun Sang Prabu." (Yaiki
rancangané Saul kanggo ngulungaké
Dawud marang tangané wong Filistin.)
26 Para punggawané Saul padha
nerusaké welingan mau marang Dawud;
déné Dawud nyaguhi dadi mantuné
raja. Mulané sadurungé tutug wektuné,
dhèwèké karo prejurité mangkat
menyang wilayah Filistin, matèni wong
Filistin rong atus. Ikuté wong-wong mau
padha dijupuki lan diaturaké marang
Saul cacahé genep. Sawisé kuwi Saul
banjur ningkahaké Mikhal karo Dawud.

27 (18:26)
28 Mengkono mau Saul enggoné weruh
kanthi cetha, yèn Dawud tinunggil ing
Allah lan uga ditresnani déning Mikhal
anaké wadon.
29 Mulané Saul saya wedi karo Dawud
lan selawasé gething karo Dawud.
30 Saben-saben prejurit Filistin nglurug
perang, Dawud enggoné numpes
wong-wong Filistin luwih akèh tinimbang
para penggedhéné Saul liyané. Mulané
jenengé Dawud saya kondhang.

19 1 Saul kandha karo Yonatan,
anaké, sarta marang sakèhing
punggawané, yèn dhèwèké arep matèni
Dawud. Nanging Yonatan tresna banget,
2 mulané banjur kandha karo Dawud,
"Bapak kula ngangkah mejahi sampéyan;
dados kula aturi ngatos-atos! Mbénjing-
énjing sampéyan ndhelik, lan kula aturi
tetep ing ngriku.
3 Kula badhé késah dhateng ara-ara
saha ngadeg ing sisihipun bapak kula
celak nggèn sampéyan ndhelik wau. Kula
badhé matur dhateng bapak prekawis
sampéyan; déné putusanipun badhé
kula wartosaken dhateng sampéyan."

4 Yonatan banjur ngaturaké kabecikané
Dawud marang Saul, aturé, "Bapak,
bapak sampun ngantos damel cilaka
dhateng abdi panjenengan Dawud.
Mergi piyambakipun mboten damel
kalepatan dhateng bapak; malah
kosokwangsulipun, piyambakipun
sampun damel kasaénan kagem bapak.
5 Piyambakipun sampun toh nyawa
nalika mejahi Goliat, lan Gusti Allah
sampun maringi kemenangan ageng
dhateng bangsa Israèl lantaran
piyambakipun. Bapak mirsani piyambak
kedadosan menika, lan nalika semanten
bapak bingah. Dados, menapa
sebabipun bapak samenika badhé damel
cilakanipun tiyang ingkang mboten
gadhah kalepatan srana badhé mejahi
Dawud tanpa sebab?"
6 Saul banjur nggugu aturé Yonatan, lan
banjur sumpah atas asmané Allah, yèn
Dawud ora bakal dipatèni.
7 Sawisé kuwi Yonatan ngundang
Dawud lan nyritakaké apa sing digunem
mau. Sabanjuré Dawud disowanaké
marang Sang Prabu Saul, lan ngawula
Sang Prabu menèh, kaya wingi-wingi.

8 Banjur ana peprangan menèh karo
wong Filistin. Dawud nglawan lan
ngalahaké wong-wong mau, nganti
padha keplayu.
9 Ing sawijining dina Saul linggih ing
omahé karo nyekel tumbak, déné Dawud
ngunèkaké clempungé. Dumadakan Saul
ditekani roh reged menèh sing diutus
déning Gusti Allah.
10 Saul banjur ngangkah nunjemaké
Dawud ing témbok nganggo tumbaké.
Nanging Dawud éndha, nganti tumbaké
nancep ing témbok. Murih slameté
Dawud banjur lolos saka kraton.
11 Ing bengi kuwi uga Saul kongkonan
wong sawetara menyang omahé Dawud,
prelu ngawasi Dawud lan ésuké supaya
dipatèni. Nanging Mikhal, bojoné, matur
marang Dawud, "Menawi ing dalu
menika panjenengan mboten mlajeng,
mbénjing-énjing mesthi dipun pejahi."
12 Mikhal banjur ngréwangi ngudhunaké
Dawud liwat jendhéla, sarta Dawud
banjur mlayu nganti bisa lolos.
13 Sawisé kuwi Mikhal banjur njupuk
reca déwaning balé omah disèlèhaké ing
tempat tiduré Dawud. Ing panggonan

sirah didokoki bantal saka wulu wedhus
bérok, nuli ditutupi kemul.
14 Bareng utusané Saul padha teka arep
nyekel Dawud, Mikhal kandha, "Dawud
lagi lara."
15 Saul nuli utusan menèh niliki
Dawud, préntahé, "Gawanen mréné
satempat-tiduré, arep dakpatèni."
16 Utusan mau banjur mlebu ing kamar
lan nyatané mung reca sing nggléthak
ing tempat tidur karo bantal wulu
wedhus bérok ing panggonan sirahé.
17 Saul takon marang Mikhal, "Yagéné
aku kokapusi mengkéné iki? Mungsuhku
wis koktulungi oncat saka kéné!"
Wangsulané Mikhal, "Menawi kula
mboten purun mbantu enggènipun lolos
kula badhé dipun pejahi."
18 Sawisé Dawud bisa lolos, banjur
lunga menyang omahé Samuèl ing
Rama, ngaturaké kabèh sing ditindakaké
Saul marang dhèwèké. Samuèl lan
Dawud banjur bebarengan lunga
menyang Nayot sarta manggon ing kana.
19 Nanging Saul dikabari yèn Dawud
ana ing Nayot cedhak Rama.
20 Mulané Saul banjur ngirimaké utusan
sawetara prelu nyekel Dawud. Nanging

wong-wong mau weruh ana kumpulané
para nabi sing lagi jejogèdan sarta
bengok-bengok bebarengan, dipimpin
déning Samuèl. Para utusané Saul banjur
dikwasani déning Rohé Allah nganti iya
padha jejogèdan lan bengok-bengok.
21 Bareng kabar mau tekan Saul, banjur
ngirim utusan liyané, nanging iku iya
padha jejogèdan lan bengok-bengok.
Kaping teluné Saul ngirim utusan menèh
lan iya padha tumindak mengkono.
22 Mulané Saul mangkat dhéwé
menyang Rama. Nalika tekan ing sumur
gedhé ing Sékhu, nuli takon panggonané
Samuèl lan Dawud, lan diwangsuli
menawa ana ing Nayot.
23 Dadi terus mrana, nanging uga
dikwasani déning Rohé Allah, nganti
jejogèdan lan bengok-bengok ing
sauruting dalan menyang Nayot mau.
24 Sawisé tekan kana, banjur nguculi
sandhanganė lan jejogèdan sarta
bengok-bengok ing ngarepé Samuèl, lan
ambruk ing lemah tanpa sandhangan
sedina sewengi. (Yakuwi wiwitané
tetembungan sing uniné, "Apa Saul iya
dadi nabi?")

20 1 Dawud banjur mlayu saka Nayot,
lunga nemoni Yonatan lan takon,
"Kalepatan kula menapa? Pendamel
awon menapa ingkang sampun kula
lampahi? Saha dosa kula menapa
dhateng bapak sampéyan, ngantos
badhé mejahi kula?"
2 Yonatan mangsuli, "Sampun criyos
mekaten! Atas asmanipun Gusti Allah,
sampéyan mboten badhé dipun pejahi.
Bapak kula tansah nyriyosi kula sedaya
rancanganipun, inggih ingkang wigatos,
menapa déné ingkang mboten. Dados
mokal bapak nyidhem bab menika
dhateng kula. Milanipun, menapa
ingkang sampéyan criyosaken menika
mboten leres!"
3 Wangsulané Dawud, "Bapak sampéyan
mangertos saèstu, menawi sampéyan
tresna dhateng kula. Dados temtunipun
mboten badhé ngandikakaken prekawis
menika dhateng sampéyan, supados
sampéyan mboten sisah. Kadospundi
kémawon, atas asmanipun Gusti Allah
ingkang sipat gesang, menapa ingkang
kula criyosaken menika leres; nyawa
kula wonten ing pucuking rambut!"

4 Pangucapé Yonatan, "Menapa
kémawon ingkang sampéyan kersakaken
badhé kula lampahi."
5 Wangsulané Dawud, "Mbénjing-énjing
badhé wonten Pésta Wulan Énggal,
lan kedahipun kula nedha sesarengan
kaliyan Saul. Nanging menawi sampéyan
setuju, kula mboten badhé késah, kula
badhé ndhelik ing ara-ara ngantos
mbénjing embèn dalu.
6 Menawi bapak sampéyan ndangu
menapa sebabipun kula mboten
dhateng, sampéyan aturaken kémawon
bilih kula sampun nyuwun pamit dhateng
sampéyan prelu énggal-énggal mantuk
dhateng Bètléhèm, mergi ing ngrika
dipun wontenaken kurban taunan
kanggé brayat kula sedaya.
7 Menawi Sang Prabu ngandika, ‘Iya
becik,’ kula badhé wilujeng. Nanging
menawi dados duka, sampéyan badhé
sumerep bilih panjenenganipun sampun
damel putusan, badhé damel cilaka kula.
8 Kula nyuwun pitulung sampéyan,
mergi kita sampun prejanji ing
ngarsanipun Allah. Éwadéné, menawi
kula gadhah kalepatan, kula sampéyan
pejahana, nanging sampun ngantos

sampéyan pasrahaken dhateng bapak
sampéyan."
9 Wangsulané Yonatan, "Sampun
kuwatos! Menawi kula mangertos bilih
bapak kula kagungan tékad damel
cilaka sampéyan, sampéyan temtu kula
kabari!"
10 Dawud nuli takon, "Sinten ingkang
badhé ngabari kula, saupami bapak
sampéyan anggènipun mangsuli kanthi
duka?"
11 "Mangga sami késah dhateng ara-
ara," tembungé Yonatan. Banjur padha
lunga bebarengan menyang ara-ara.
12 Yonatan banjur kandha karo
Dawud, "Mugi-mugi Gusti Allah, inggih
Allahipun bangsa Israèl, dados seksi
kita! Mbénjing-énjing utawi mbénjing
embèn kinten-kinten kados wekdal
menika, kula angkah badhé nyumerepi
menapa ingkang dipun penggalih bapak
kula. Menawi penganggepipun dhateng
sampéyan saé, kula badhé ngabari
sampéyan.
13 Menawi niyatipun awon, inggih
mesthi badhé kula kabari, supados
sampéyan saged oncat. Gusti Allah
mejahana kula, menawi prekawis menika

mboten kula tindakaken. Mugi-mugi
Gusti Allah nunggil kaliyan sampéyan
kados nalika nunggil kaliyan bapak kula
rumiyin!
14 Sarta menawi kula taksih gesang,
sampéyan ugemi prejanjian kita ing
ngarsanipun Allah menika, saha kula
aturi pitados dhateng kula. Nanging
menawi kula sampun mboten wonten,
15 sampun ngantos pedhot kasetyan
sampéyan dhateng anak-turun kula ing
selaminipun. Saha menawi Gusti Allah
numpes sedaya mengsah kita,
16 sampun ngantos prejanjian kita
kekalih menika pedhot. Menawi ngantos
pedhot, Gusti Allah badhé ngukum
sampéyan."
17 Ping pindho Yonatan olèhé njaluk
supaya Dawud nresnani dhèwèké, sebab
dhèwèké banget enggoné nresnani
Dawud.
18 Yonatan banjur kandha karo Dawud,
"Mbénjing-énjing Pésta Wulan Énggal.
Mesthi badhé kasumerepan, bilih
sampéyan mboten wonten, sebab
panggènan sampéyan kosong;
19 menapa malih mbénjing embèn.
Milanipun mangga sampéyan késah

dhateng pandhelikan sampéyan rumiyin
menika, sarta manggèn ing sawingking
tumpukan séla.
20 Mbénjing embèn kula badhé
nglepasaken panah tiga ngener séla
menika, kados wonten ingkang kula
panah.
21 Kula lajeng badhé kèngkènan abdi
kula mendheti panah-panah menika,
sarta menawi kula criyos dhateng
piyambakipun, ‘Hé, panah kuwi cedhak
kéné, jupukana,’ menika tegesipun
sampéyan wilujeng lan kénging medal.
Kula sumpah ing asmanipun Gusti Allah
ingkang sipat gesang, bilih sampéyan
mboten wonten ing salebeting bebaya
menapa kémawon.
22 Nanging menawi kula criyos dhateng
abdi kula, ‘Hé, panah kuwi luwih adoh
ing kana,’ menika tegesipun Gusti Allah
ndawuhi sampéyan késah, dados kula
aturi késah.
23 Mugi Gusti Allah njagi supados kita
kekalih ngugemi prejanjian kita ing
selaminipun!"
24 Dawud banjur ndhelik ing ara-ara.
Ing Pésta Sasi Anyar, Raja Saul rawuh
ing pésta mau.

25 Kaya adat saben lenggahé Raja Saul
cedhak témbok; Yonatan linggih ana ing
ngarepé, Abnèr ing sandhingé sang raja,
nanging kursiné Dawud tetep kosong.
26 Saul ing dina kuwi ora omong-omong
apa-apa, gagasané, "Bisa uga dhèwèké
lagi najis, merga nindakaké prekara sing
ora suci manut agamané."
27 Ing dina candhaké, yaiku dina
kapindho, kursiné Dawud isih kosong,
Saul banjur takon karo Yonatan, "Yagéné
dhèk wingi lan ing dina iki Dawud ora
teka ing pésta?"
28 Aturé Yonatan, "Piyambakipun
sampun nyuwun pamit dhateng kula
prelu késah dhateng Bètléhèm.
29 Tembungipun, ‘Mugi sampéyan lilani
kula késah, mergi brayat kula sami
ngawontenaken pésta kurban taunan
ing Bètléhèm, saha kula dipun purih
ndhatengi. Milanipun, mugi kepareng
kula késah manggihi sedhèrèk-sedhèrèk
kula.’ Inggih menika sebabipun
piyambakipun mboten tumut péstanipun
bapak."
30 Krungu mengkono mau Saul
dadi nepsu banget marang Yonatan,
pangucapé, "Anaké sundel! Saiki aku

ngerti yèn kowé ngréwangi Dawud lan
gawé isinmu dhéwé sarta isiné ibumu!
31 Apa kowé ora krasa yèn Dawud isih
urip, kowé ora bakal dadi raja ing negara
iki? Saiki lungaa lan Dawud susulen,
sebab dhèwèké kudu mati!"
32 Aturé Yonatan, "Menapa sebabipun
piyambakipun kedah pejah? Dosanipun
menapa?"
33 Krungu mengkono Saul banjur
nlorongaké tumbaké marang Yonatan,
arep dipatèni. Dadi Yonatan banjur
ngerti, yèn bapakné pancèn duwé niyat
arep matèni Dawud.
34 Kanthi nepsu banget Yonatan lunga
saka méja bujana lan ing Pésta Sasi
Anyar dina kapindho mau ora mangan
apa-apa. Yonatan prihatin banget
mikiraké Dawud, sing wis dirèmèhaké
déning Saul, bapakné.
35 Ésuké Yonatan lunga menyang
ara-ara kaya sing wis padha dirancang.
Dhèwèké ngejak bocah lanang,
36 banjur dikandhani, "Panah sing bakal
daklepasaké iki jupuken!" Nalika bocah
mau mlayu, Yonatan nglepasaké panahé.

37 Bareng bocahé tekan ing panggonané
panah mau, Yonatan mbengoki, "Hé,
panahé luwih adoh ing kana!
38 Cepet sethithik, aja ngalamun!"
Bocah mau njupuk panahé, banjur bali
menyang panggonané Yonatan.
39 Dhèwèké babar-pisan ora ngerti
karepé tembung-tembungé Yonatan
mau, mung Yonatan lan Dawud sing
ngerti.
40 Yonatan mènèhaké panahé marang
bocah mau, sarta banjur dikon bali
menyang kutha.
41 Sawisé bocah mau lunga, Dawud
metu saka samburiné tumpukan watu,
banjur sujud ping telu. Dawud lan
Yonatan padha rangkulan karo nangis.
Susahé Dawud luwih gedhé tinimbang
susahé Yonatan.
42 Wusanané Yonatan kandha karo
Dawud, "Mugi Gusti Allah nunggil
kaliyan sampéyan. Gusti Allah mugi
njagi supados kita lan turun kita,
tansah ngugemi janji kita kekalih ing
ngarsanipun Allah." Sawisé kuwi Dawud
banjur lunga, lan Yonatan bali menyang
kutha.

21 [1] Dawud banjur lunga menyang panggonané Imam Akhimèlèkh ing Nob. Kanthi kagèt banget Akhimèlèkh methukaké Dawud lan matur, "Menapa sebabipun panjenengan rawuh ing ngriki tanpa abdi?"

[2] Wangsulané Dawud, "Kula dipun paringi tugas déning sang prabu sarta mboten kénging nyanjangaken dhateng sinten kémawon. Milanipun prejurit kula, kula purih methuk ing setunggaling panggènan.

[3] Nyuwun pangapunten, menapa bapak gadhah tetedhan? Mugi kula dipun paringi roti gangsal utawi menapa kémawon ingkang wonten ing ngriki."

[4] Aturé imam mau, "Kula mboten gadhah roti limrah, wontenipun namung roti saosan. Panjenengan kénging mundhut, angger prejurit panjenengan ing wekdal-wekdal menika mboten kempal kaliyan tiyang èstri."

[5] Wangsulané Dawud, "Temtu kémawon tiyang-tiyang menika mboten nindakaken mekaten. Menawi kula ngayahi pedamelan, prejurit kula tansah njagi supados suci manut prenataning agami. Menika menawi

tugas limrah; langkung-langkung tugas
kados samangké menika."
6 Imam mau banjur ngaturaké roti
saosan marang Dawud, sebab sing
ana iya mung roti kuwi, dijupuk saka
mesbèh, arep diganti sing anyar.
7 (Kebeneran, Doèg saka Édom,
pengareping para pangoné Saul ing dina
kuwi ana ing kono, ngayahi kuwajibaning
agama.)
8 Dawud banjur takon marang
Akhimèlèkh, "Menapa bapak nyimpen
tumbak utawi pedhang ingkang kénging
kula ginakaken? Enggèn kula mangkat
ngayahi dhawuhipun sang prabu kesesa,
ngantos mboten kober mendhet pedhang
utawi dedamel sanèsipun."
9 Aturé Akhimèlèkh, "Kula nyimpen
pedhangipun Goliat, tiyang Filistin
ingkang panjenengan pejahi ing tanah
ngaré Éla menika. Pedhang menika
wonten ing wingkingipun Éfod, dipun
bungkus lawon. Menawi panjenengan
kersa kula aturi mendhet, sebab
namung menika ingkang wonten ing
ngriki." Tembungé Dawud, "Ing sanegari
pedhang menika mboten wonten ingkang

nyamèni, mugi kaparingna dhateng
kula!"
10 Ing dina kuwi uga, Dawud oncat saka
Saul, ngungsi tekan wilayahé Akhis, raja
ing Gat.
11 Akhis diaturi kabar déning para
pegawéné, "Menika rak Raja Dawud,
ingkang kala semanten tiyang-tiyang
èstri sami jejogèdan kaliyan ngidung
ingkang ungelipun, ‵Saul enggoné
matèni mungsuh éwon, nanging Dawud
puluhan éwon.′"
12 Tetembungan mengkono mau
ngganggu pikirané Dawud, lan banjur
dadi wedi banget karo Raja Akhis.
13 Mulané, ing ngarepaning para
punggawa, Dawud ngowahi tindak-
tanduké. Nalika para punggawa nyoba
arep nyekel, Dawud éthok-éthok kaya
wong édan, nggrauti gapuraning kutha
lan ndlèwèraké ileré ing jénggoté.
14 Akhis banjur kandha karo para
punggawané, "Apa kowé padha ora
ngerti, yèn wong kuwi édan? Yagéné
kokgawa mréné?
15 Apa kowé isih kekurangan wong,
nganti ana wong édan kokgawa nyang
omahku?"

22

1 Dawud banjur lunga saka kutha
Gat sarta ndhelik ing guwa cedhak
kutha Adulam. Nalika sedulur-seduluré
lan kabèh kulawargané padha krungu
yèn Dawud ana ing kono, banjur padha
marani mrono.
2 Mengkono uga wong-wong sing padha
ditindhes sarta duwé utang mangka
atiné ora seneng, padha kumpul karo
Dawud, lan Dawud sing dadi pemimpiné.
Sing mèlu Dawud kabèh kira-kira ana
wong patang atus.
3 Saka guwa kono Dawud lunga
menyang Mizpa tanah Moab sarta matur
marang raja ing Moab, "Mugi kepareng
bapa-biyung kula ndhèrèk panjenengan,
ngantos kula ngertos menapa ingkang
dipun kersakaken Allah tumrap kula."
4 Wong tuwané banjur ndhèrèk raja ing
tanah Moab. Déné Dawud ndhelik ing
guwa.
5 Ing sawijining dina ana nabi sing
jenengé Gad sowan Dawud lan matur,
"Sampun ta tetep wonten ing guwa
menika, kula aturi énggal-énggal bidhal
dhateng tanah Yéhuda." Dawud banjur
lunga sarta mlebu ing alas Kèrèt.

6 Ing sawijining dina Saul lagi linggih
ana ing sangisoring wit tamariska ing
sandhuwuring gunung ing Gibéa. Saul
nyekel tumbak, déné para pengareping
prejurit padha ngadeg ing sandhingé.
Nalika Saul krungu yèn Dawud lan para
prejurité wis kaweruhan papané,
7 banjur ngucap marang para pengarep
mau, "Rungokna, hé wong-wong
Bènyamin! Apa Dawud bakal mènèhi
tegalan lan kebon anggur? Apa kowé
bakal padha diangkat dadi pengareping
prejurit?
8 Nganti kowé kabèh padha sekuthon
nglawan aku sarta ora ana wong siji waé
sing mènèhi weruh marang aku, malah
anakku dhéwé iya wis mihak si Dawud
kuwi. Ora ana siji waé sing nguwatiraké
aku utawa mènèhi weruh marang aku
yèn Dawud, punggawaku dhéwé, ing
wektu iku tansah golèk wektu sing becik
kanggo matèni aku, lan anakku Yonatan
ngrujuki?"
9 Doèg, pengareping pangoné Saul
uga ana ing kono awor karo para
pengareping prejurit, banjur matur,
"Kula sampun sumerep, bilih Dawud

dhateng griyanipun Akhimèlèkh, anakipun Ahitub, ing Nob.
10 Akhimèlèkh nyuwun pitedah dhateng Allah menapa ingkang kedah dipun lampahi Dawud. Kejawi menika Dawud dipun sangoni tetedhan saha pedhangipun Goliat, tiyang Filistin menika."
11 Raja Saul banjur préntah ngundang Imam Akhimèlèkh lan para seduluré kabèh sing dadi imam ing Nob; lan banjur padha sowan sang prabu.
12 Tembungé Saul marang Akhimèlèkh "Rungokna, anaké Ahitub!" Wangsulané, "Inggih, sang prabu."
13 Pitakoné Saul marang wong-wong mau, "Yagéné kowé rujuk karo Dawud nglawan aku? Yagéné dhèwèké koksangoni roti lan kokwènèhi pedhang sarta koksuwunaké pituduh saka Gusti Allah? Dawud saiki lagi nglawan aku sarta golèk wektu kanggo matèni aku."
14 Akhimèlèkh banjur matur, "Dawud menika sénapatining prejurit panjenengan ingkang setya piyambak. Piyambakipun putra mantu panjenengan, pimpinaning prejurit panjenengan piyambak, saha dipun urmati sanget

déning sedaya tiyang wonten ing
salebeting kraton panjenengan.
15 Kula inggih sampun nyuwun
pitedah dhateng Gusti Allah kanggé
piyambakipun, lan mboten saweg
sepisan menika kula nindakaken
prekawis menika. Bab sarujuk nglawan
panjenengan, sampun ngantos kula saha
sedhèrèk kula salah setunggal dipun
wastani mekaten. Kula mboten ngertos
menapa-menapa prekawis menika!"
16 Nanging pangucapé raja,
"Akhimèlèkh, kowé lan sanak sedulurmu
kabèh kudu mati."
17 Saul banjur préntah marang para
prejurit sing ngadeg ing sacedhaké,
"Ayo, para imamé Allah iki patènana,
sebab wis mbantu Dawud. Wong-wong
kuwi wis padha ngerti, yèn Dawud
oncat, nanging padha ora gelem matur
marang aku." Nanging para prejurit mau
padha ora gelem tumandang matèni
imam-imamé Allah.
18 Mulané Saul préntah marang Doèg,
"Ayo, kowé waé sing matèni wong-wong
kuwi!" Doèg banjur maju lan matèni
imam-imam mau. Sedina kuwi dhèwèké
matèni wong wolung puluh lima, yakuwi

para imam sing nduwèni hak nggawa
éfod.
19 Saul iya préntah, supaya kabèh wong
ing Nob padha dipatèni. Wong lanang,
wadon, bocah-bocah lan bayi, uga sapi,
kuldi lan wedhus gèmbèl kabèh kudu
dirampas.
20 Mung Abyatar, anaké Akhimèlèkh
bisa lolos. Dhèwèké mlayu menyang
panggonané Dawud,
21 banjur ngabari yèn Saul wis matèni
para imamé Allah.
22 Tembungé Dawud marang Abyatar,
"Ing dina kuwi aku weruh Doèg. Aku
ngerti yèn dhèwèké bakal wadul marang
Saul. Dadi aku sing tanggung jawab
patiné sanak sedulurmu kabèh.
23 Mèlua aku lan aja wedi. Saul kepéngin
matèni kowé, lan iya kepéngin matèni
aku. Dadi kowé ana ing kéné mesthi
slamet."

23
1 Ing sawijining dina Dawud
dikabari, yèn wong Filistin
nyerang kutha Kéhila lan ngrampas
gandum sing lagi dienèni.
2 Dawud banjur matur marang
Allah, "Menapa kawula kedah késah
saha nyerang tiyang Filistin?" "Ya,"

pangandikané Allah, "wong-wong kuwi
serangen sarta kutha Kéhila slametna!"
3 Nanging prejurité Dawud padha
matur, "Ing ngriki, inggih ing Yéhuda,
kita sampun sami giris; menapa malih
menawi kita kedah nyerang prejurit
Filistin ing Kéhila."
4 Mulané sepisan menèh Dawud
nyuwun pitedah marang Allah, lan Gusti
Allah ngandika, "Aja kuwatir. Kehila
serangen, sebab prejurit Filistin bakal
Dakpasrahaké marang kowé."
5 Dawud lan para prejurité banjur
lunga menyang Kéhila sarta nyerang
lan matèni wong Filistin akèh banget,
sarta ngrampas raja-kayané. Kanthi
mengkono Dawud nylametaké wong-
wong ing Kéhila.
6 Nalika Abyatar anaké Akhimèlèkh
lolos menyang panggonané Dawud, lan
mèlu Dawud menyang Kéhila, dhèwèké
iya nggawa éfod.
7 Nalika Saul dikabari yèn Dawud ana
ing Kéhila, banjur mikir, "Dawud wis
diparingaké Gusti Allah marang aku.
Dhèwèké kekurung bebaya, sebab wis
mlebu ing kutha sing ana témboké lan
gapurané."

8 Saul banjur ngumpulaké prejurité kabèh lan nglurug menyang Kéhila, arep ngepung Dawud saprejurité kabèh.
9 Nanging Dawud wis krungu kabar yèn Saul nduwèni niat mau; mulané banjur kandha karo Imam Abyatar, "Éfod kuwi gawanen mréné."
10 Dawud banjur ndedonga, "Gusti, inggih Gusti Allahipun bangsa Israèl; kawula sampun mireng bilih Saul badhé dhateng Kéhila ngriki sarta badhé numpes kitha menika jalaran kawula, abdi Panjenengan.
11 Menapa leres kabar ingkang kawula pireng menika? Gusti, inggih Allahipun bangsa Israèl, mugi kersaa paring pangandika dhateng kawula." Pangandikané Gusti Allah, "Iya, Saul bakal teka." Dawud banjur matur menèh, "Menapa warga kitha Kéhila badhé masrahaken kawula saha prejurit kawula dhateng Saul?" Pangandikané Gusti Allah, "Iya."
12 (23:11)
13 Dawud lan para prejurité, kira-kira ana wong nem atus, énggal-énggal lunga saka Kéhila lan lunga saparan-paran. Nalika Saul krungu yèn Dawud wis oncat

saka Kéhila, banjur mbatalaké enggoné
arep nyerang.
14 Dawud manggon ing guwa-guwaning
pegunungan ing ara-ara Zif. Dhèwèké
tansah dioyak-oyak déning Saul, nanging
Gusti Allah ora masrahaké.
15 Senajan mengkono Dawud tetep
wedi, sebab Saul niaté arep matèni. Ing
sawijining dina Dawud ana ing Horès,
ing ara-ara Zif.
16 Yonatan banjur nemoni Dawud ana
ing kono, prelu nyantosakaké precayané
Dawud yèn bakal diayomi déning Gusti
Allah.
17 Tembungé Yonatan marang Dawud,
"Sampun ajrih, sampéyan mboten badhé
kecepeng déning bapak kula. Bapak
ngertos saèstu, bilih sampéyan ingkang
badhé dados raja Israèl, déné kula badhé
dados patih sampéyan."
18 Ana ing ngarsané Allah Dawud lan
Yonatan banjur nganakaké prejanjian
paseduluran. Yonatan banjur mulih,
déné Dawud tetep manggon ing Horès.
19 Ana wong sawetara saka Zif sowan
Saul ing Gibéa sarta matur, "Dawud
ndhelik wonten ing wilayah kula, wonten
ing guwa-guwa celak Horès, wonten ing

sanginggiling punthuk Hakhila, ara-ara Yéhuda sisih Kidul.
20 Kula mangertos, bilih panjenengan kepéngin sanget nyepeng piyambakipun; milanipun kula aturi mrika. Kula sami badhé sagah ngulungaken dhateng asta panjenengan."
21 Wangsulané Saul, "Muga-muga kowé padha diberkahi déning Allah, merga mbeciki aku!
22 Lungaa lan nyatakna menèh; tlitinen temenan, ing ngendi panggonané Dawud lan sapa sing wis meruhi dhèwèké ing kana. Aku ngerti yèn dhèwèké julig banget.
23 Priksanen kanthi tliti guwa-guwa sing wis tau dienggo ndhelik, lan balia mréné sarta lapura aku. Aku bakal mrana bebarengan karo kowé, sarta yèn dhèwèké isih ana ing wilayah kono, mesthi bakal dakgolèki, yèn prelu wilayah Yéhuda bakal dakobrak-abrik."
24 Wong-wong mau banjur padha mangkat lan bali menyang Zif ndhisiki Saul. Ing wektu kuwi Dawud lan prejurité padha ana ing ara-ara Maon, ing tanah ngaré sing sepi, ing ara-ara Yéhuda sisih Kidul.

25 Saul lan para prejurité padha teka
arep nggolèki Dawud, nanging ana wong
sing mènèhi weruh marang Dawud,
mulané Dawud banjur lunga menyang
gunung watu ing pesamunan Maon sarta
manggon ing kono. Sawisé Saul ngerti,
banjur énggal-énggal ngoyak Dawud.
26 Saul lan para prejurité padha mlaku
ing sisih kéné, déné Dawud lan para
prejurité ing sisih kanané gunung.
Dawud énggal-énggal ngoncati Saul,
sing wis wiwit padha ngepung arep
nyekel dhèwèké.
27 Dumadakan ana utusan sing sowan
Saul sarta matur, "Mugi panjenengan
kersa énggal-énggal kondur, mergi
tiyang Filistin sampun sami nglawan
negari kita."
28 Saul banjur mandheg enggoné
ngoyak Dawud, prelu nglawan wong-
wong Filistin. Yakuwi sebabé panggonan
kono dijenengaké "Gunung Pemisah".
29 Saka ing kono Dawud lunga menyang
wilayah Èn-Gedi, sarta ndhelik ing guwa.

24 1 Nalika Saul lagi waé mulih saka
peprangan nglawan wong Filistin,
nampa kabar yèn Dawud ana ing ara-ara
Èn-Gedi.

2 Saul énggal-énggal milih prejurité
telung èwu sing becik dhéwé sawilayah
Israèl, banjur mangkat nggolèki Dawud
lan para prejurité ing sisih wétané
Gunung Watu Wedhus Ireng.
3 Saul tekan ing sacedhaké kandhang-
kandhang wedhus gèmbèl ing pinggir
dalan. Ing kono ana guwané, lan
Saul banjur mlebu arep mbebuwang.
Kebeneran banget, Dawud lan para
prejurité lagi padha ndhelik ing guwa
kono, ing sisih njero.
4 Prejurité Dawud banjur matur
marang Dawud, "Menika wekdal
ingkang saé kanggé panjenengan! Gusti
Allah rak sampun ngandika dhateng
panjenengan mekaten, ‘Mungsuhmu
bakal Dakpasrahaké marang kowé,
arep kokkapakaké sakarepmu!’" Karo
ndhelik-ndhelik Dawud banjur marani
Saul sarta nyolong ngethok jubahé
sethithik.
5 Nanging sawisé kuwi, Dawud
rumangsa luput, merga wis nindakaké
mengkono mau.
6 Banjur kandha karo para prejurité,
"Muga Gusti Allah kersa njaga aja nganti
aku tumindak ala marang rajaku, sing

wis dijebadi déning Allah. Babar-pisan ora kena gawé lara, merga dhèwèké iku jebadané Allah."
7 Mengkono Dawud enggoné menggak prejurité, lan ora nglilani padha nyerang Saul. Saul ngadeg lan lunga saka guwa kono, banjur nerusaké lakuné.
8 Dawud iya banjur metu saka guwa mau lan ngucap ana ing mburiné Saul, "Sang Prabu!"
9 Saul nolèh lan Dawud sujud kanthi urmat, banjur matur, "Menapa sebabipun déné panjenengan nampi aturipun tiyang, bilih kula badhé damel cilaka panjenengan?
10 Samenika panjenengan saged mirsani piyambak, bilih ing salebeting guwa kala wau, Gusti Allah sampun masrahaken panjenengan dhateng kula. Kula dipun bujuk supados nyédani panjenengan, nanging kula tolak. Kula mangsuli, bilih kula mboten purun damel sakitipun raja kula, ingkang sampun dipun jebadi déning Allah.
11 Panjenengan pirsani, bapak kula, panjenengan pirsani potongan jubah panjenengan ingkang kula cepeng menika! Sejatosipun kula saged nyédani

panjenengan, nanging kula namung
tumindak mekaten. Dados, cetha bilih
kula mboten gadhah sedya awon utawi
nyidrani. Panjenengan ngoyak-oyak
kula, badhé mejahi kula, senajan kula
mboten gadhah kalepatan sekedhik
kémawon dhateng panjenengan.
12 Mugi Gusti Allah nemtokaken
sinten ingkang lepat ing antawis kita.
Mugi Gusti Allah mirsani tumindak
panjenengan tumrap kula, senajan kula
babar-pisan mboten badhé damel sakit
panjenengan.
13 Panjenengan mirsa paribasan ‘Piawon
menika dipun tindakaken déning tiyang
awon.’ Milanipun kula mboten badhé
damel sakit panjenengan.
14 Panjenengan penggalih kula menika
badhé dipun pejahi déning raja Israèl!
Panjenengan pirsani kula ingkang dipun
oyak-oyak menika! Kula menika namung
presasat segawon pejah, namung kados
tuma kémawon.
15 Gusti Allah badhé dados hakim ing
antawisipun kula kaliyan panjenengan.
Mugi Panjenenganipun kersa mriksani
prekawis menika, saha mbélani

kula sarta nguwalaken kula saking
panjenengan."
16 Sawisé Dawud ngucapaké
tetembungan mau, Saul banjur
nyambungi, "Apa bener kowé kuwi
Dawud, anakku?" Saul banjur muwun,
17 tembungé marang Dawud, "Kowé
sing bener, lan aku sing salah.
18 Pialaku tumrap kowé wis kokwales
nganggo kabecikan. Ing dina iki aku
ngerti yèn kowé nduwèni sedya sing
becik tumrap aku, sebab kowé ora
matèni aku, senajan Gusti Allah wis
masrahaké aku marang kowé.
19 Arang banget ana wong ketemu karo
mungsuhé, olèh lunga kanthi slamet!
Mulané, muga-muga Gusti Allah kersa
mberkahi kowé merga saka kabecikan
sing wis koklakoni tumrap aku ing dina
iki!
20 Saiki aku precaya, yèn kowé
bakal dadi raja Israèl sarta ana ing
pepréntahanmu krajan Israèl bakal tetep
sentosa.
21 Saiki atas asmané Gusti Allah
janjia, yèn kowé ora bakal numpes
turunku, lan uga ora nyirnakaké jenengé
kulawargaku!"

22 Dawud banjur sumpah bakal nindakaké kuwi kabèh. Saul banjur kondur menyang omahé, déné Dawud lan para prejurité padha bali menyang papan pandhelikan.

25 1 Ora let suwé Samuèl séda. Wong-wong Israèl padha kumpul sarta mèlu nekani upacara béla sungkawa. Samuèl banjur dikubur ana ing wewengkoné omahé ing Rama. Sawisé kuwi Dawud lunga menyang ara-ara Paran.

2 Ing kutha Maon ana wong lanang saka kulawarga Kalèb jenengé Nabal, duwé palemahan kanggo raja-kayané ing sacedhaké kutha Karmèl. Nabal kuwi sugih banget lan duwé wedhus gèmbèl lan wedhus bérok cacahé telung èwu. Abigail, bojoné, pinter tur ayu, nanging Nabal dhéwé wataké kasar lan ala kalakuané. Ing sawijining dina Nabal lagi ngguntingi wuluné wedhusé ing Karmèl.

3 (25:2)

4 Dawud sing lagi ana ing ara-ara, krungu bab kuwi,

5 mulané banjur kongkonan pemudané sepuluh menyang Karmèl,

6 prelu nemoni Nabal ngaturaké salam
saka Dawud. Dawud préntah supaya
para pemuda mau kandha karo Nabal
mengkéné, "Ngaturi wilujeng, tentrem
rahayu wontena ing sampéyan, wontena
ing brayat sampéyan sarta sedaya
gadhahan sampéyan.
7 Kula mireng menawi sampéyan saweg
ngguntingi wulunipun ménda sampéyan.
Déné para pangèn sampéyan ingkang
wonten ing wilayah kula, mboten naté
kula ganggu. Para pangèn menika
dèrèng naté kécalan menapa-menapa
sedangunipun wonten ing Karmèl.
8 Sampéyan takèkaken kémawon
dhateng para pangèn menika, mesthi
badhé ngleresaken criyos menika.
Milanipun, para prejurit kula mugi
katampia ing griya sampéyan kanthi
saé, sebab dhateng kula ing dinten
ageng. Para prejurit menika lan Dawud,
tepangan sampéyan, mugi sampéyan
sukani menapa kémawon."
9 Mengkono para prejurité enggoné
nerusaké piwelingé Dawud marang
Nabal, banjur padha ngentèni.
10 Nanging Nabal mangsuli, "Dawud?
Dawud kuwi sapa? Aku durung tau

krungu! Ing wektu iki akèh batur sing
minggat saka bendarané!
11 Apa iya aku banjur njupuk roti lan
ombèn-ombèn sarta daging sing wis
daksedhiakaké kanggo sing ngguntingi
wulu, dakwènèhaké marang wong sing
durung cetha asal-usulé!"
12 Para prejurité Dawud nuli padha bali
lan ngaturaké kandhané Nabal mau.
13 "Pedhangmu padha sabukna!"
préntahé Dawud; prejurité iya padha
nindakaké. Dawud iya nyabukaké
pedhangé lan mangkat ngajak wong
kira-kira patang atus, déné sing rong
atus kèri njaga barang-barangé.
14 Ing wektu semono bojoné Nabal
wis diwènèhi weruh déning baturé
Nabal mengkéné, "Menapa ibu sampun
mireng? Dawud sampun utusan tiyang
sawetawis saking ara-ara prelu kintun
salam dhateng bendara kula, Nabal
nanging tiyang-tiyang menika dipun
rèmèhaken.
15 Mangka tiyang-tiyang menika saé
sanget dhateng kita. Kita mboten naté
dipun ganggu, sarta ugi dèrèng naté
kécalan menapa-menapa salebetipun

kita srawung kaliyan tiyang-tiyang
menika ing ara-ara.
16 Rinten dalu tiyang-tiyang menika
nulungi kita salebetipun kita angèn
ménda ing sacelakipun.
17 Milanipun, prekawis menika mugi
dipun galih, lajeng énggal-énggal
dipun putus menapa ingkang badhé
dipun tindakaken, sebab mesthi badhé
wonten pemales tumrap bendara kita
sakulawarga. Bendara kita wangkot
sanget ngantos mboten purun nampèni
aturipun sinten kémawon!"
18 Abigail banjur njupuk roti rong atus,
lan kanthong kulit kebak anggur, wedhus
gèmbèl panggang lima, gandum gorèng
pitulas kilogram, woh anggur garing
satus dhompol lan kué ara rong atus.
Kabèh mau diemotaké ing kuldi-kuldiné.
19 Abigail nuli kandha karo batur-baturé,
"Kowé kabèh padha ndhisikana aku;
aku ana ing mburi." Abigail ora kandha
apa-apa karo bojoné.
20 Abigail nunggang kuldiné. Nalika
tekan ing énggok-énggokan sisihing
gunung, kepethuk Dawud lan para
prejurité sing lagi arep menyang
panggonané Nabal.

[21] Dawud lagi nggagas, "Tanpa guna aku njaga duwèké wong kuwi ana ing ara-ara! Ing ngatasé ora ana sing cicir, koksaiki kabecikanku diwales ala!
[22] Muga-muga Gusti Allah mundhut nyawaku, yèn wong-wong lanang sing ana ing kana sésuk ora dakpatèni, sadurungé srengéngé mlethèk."
[23] Nalika Abigail weruh Dawud, énggal-énggal mudhun saka kuldiné nuli sujud
[24] ing sikilé Dawud karo matur, "Gusti kula, mugi kersa mirengaken atur kula! Kalepatan menika kula tanggelipun piyambak!
[25] Sampun nggalih Nabal, tiyang ingkang tanpa gina menika! Piyambakipun tiyang bodho — sami kaliyan tegesé namanipun. Kula mboten sumerep para tiyang ingkang panjenengan utus menika.
[26] Gusti Allah sampun menggak panjenengan males saha mejahi mengsah-mengsah panjenengan. Déné samenika atas asmanipun Gusti Allah ingkang asipat gesang, kula sumpah, mugi nasibipun sedaya mengsah panjenengan saha saben tiyang ingkang

badhé damel cilaka panjenengan, sami kaliyan nasibipun Nabal.
27 Pisungsung ingkang sampun kula bekta kagem panjenengan menika kula aturi nampi, saha kula aturi maringaken dhateng prejurit panjenengan.
28 Panjenengan mugi ngapunten kalepatan kula. Gusti Allah temtu badhé njumenengaken panjenengan saha turun panjenengan dados raja Israèl, sebab panjenengan perang kagem Gusti Allah; saha panjenengan mboten badhé damel piawon sedangunipun gesang.
29 Upami wonten tiyang nglawan panjenengan saha nyobi mejahi panjenengan, panjenengan temtu dipun ayomi déning Gusti Allah, kados déné barang-barang ingkang dipun jagi déning ingkang gadhah. Mengsah panjenengan badhé dipun uncalaken ngantos tebih déning Gusti Allah, kados déné séla ingkang mlesat saking bandhilipun.
30 Gusti Allah nindakaken sedaya kasaénan kados ingkang sampun dipun ngandikakaken dhateng panjenengan, saha mboten dangu malih njumenengaken panjenengan dados raja Israèl.

31 Ing wekdal menika panjenengan ènget, bilih panjenengan mboten mejahi tiyang tanpa sebab utawi ngadili piyambak, ngantos mboten prelu rumaos sisah saha getun. Menawi Gusti Allah sampun mberkahi panjenengan, sampun ngantos kesupèn dhateng abdi panjenengan menika."
32 Dawud banjur kandha, "Pinujia Allah, iya Allahé bangsa Israèl, sing ngutus kowé nemoni aku ing dina iki!
33 Puji sokur marang Gusti Allah déné kowé duwé cara sing becik, menggak enggonku arep matèni sarta ngadili dhéwé.
34 Gusti Allah wis menggak enggonku tumindak ala marang kowé. Atas asmané Allah, Allahé bangsa Israèl kang gesang, upama kowé ora énggal-énggal nemoni aku, baturé Nabal kabèh mesthi wis padha mati sadurungé srengéngé njedhul!"
35 Dawud banjur nampani apa sing digawa déning Abigail, banjur kandha mengkéné, "Muliha menyang omahmu lan aja kuwatir. Penjalukmu dakkabulaké."

36 Nalika Abigail bali menyang
panggonané Nabal, ana pésta gedhèn
ing omahé, kaya déné péstaning raja.
Merga Nabal lagi seneng-seneng lan
mendem ora diwènèhi weruh apa-apa
déning bojoné.
37 Ésuké, bareng Nabal wis ora
mendem, dikabari bojoné apa-apa sing
wis kelakon mau. Nabal banjur kena ing
serangan jantung lan awaké kabèh dadi
lumpuh.
38 Kira-kira sepuluh dina menèh Allah
ngukum Nabal nganti dadi lan patiné.
39 Bareng Dawud krungu yèn Nabal wis
mati, banjur ngucap, "Puji sokur kagem
Gusti Allah, sing wis males enggoné
Nabal ngrèmèhaké abdiné srana
enggoné nindakaké piala. Gusti Allah
wis ngukum Nabal merga tumindaké
sing ala." Sabanjuré Dawud kirim utusan
nemoni Abigail prelu nglamar.
40 Utusané Dawud tekan panggonané
wong wadon mau ing Karmèl, banjur
matur, "Kula sami dipun utus déning
Dawud sowan nglamar ibu, kersaa dados
sémahipun."

41 Abigail terus sujud sarta matur, "Kula
menika abdinipun Dawud, kula sagah
ngresiki sukunipun para abdinipun."
42 Abigail banjur tata-tata, nunggang
kuldi ditutaké baturé wadon lima,
mangkat ngetutaké utusané Dawud,
wusanané dadi bojoné Dawud.
43 Sadurungé kuwi Dawud wis kawin
karo Ahinoam saka Yésreèl, lan ing saiki
Abigail iya dadi bojoné.
44 Ing sajroné wektu kuwi Saul wis
mènèhaké Mikhal, putrané putri, bojoné
Dawud, marang Palti, anaké Lais saka
kutha Galim.

26 1 Ing sawijining dina wong-wong
saka Zif padha sowan Saul ing
Gibéa lan ngabari yèn Dawud ndhelik ing
Gunung Hakhila ing pinggiring ara-ara
Yéhuda.
2 Saul banjur énggal-énggal mangkat
karo prejurité telung èwu sing becik-
becik menyang ara-ara Zif nggolèki
Dawud.
3 Saul pasang kémah ing pinggir dalan
cedhak Gunung Hakhila. Dawud sing ana
ing ara-ara krungu yèn Saul nggolèki.
4 Banjur ngirimaké telik sandi, lan olèh
kabar yèn Saul ana ing kono.

5 Dawud énggal-énggal mara nggolèki
lan bisa nemokaké kémahé Saul lan
Abnèr, anaké Nèr. Kémahé Saul ana
ing tengah, déné para prejurité ana ing
sakiwa-tengené.
6 Dawud banjur takon karo Akhimèlèkh,
wong Hèt, sarta marang Abisai, seduluré
Yoab (ibuné yakuwi Zeruya), "Sapa
sing wani mlebu bebarengan karo aku
menyang sajroné kémahé Saul?" Abisai
ngucap, "Kula!"
7 Ing bengi kuwi Dawud karo Abisai
mlebu ing kémah mau lan Saul ketemu
lagi saré, tumbaké tumancep ing lemah
ing sandhing mestakané. Abnèr lan para
prejurité turu ing sakiwa-tengené Saul.
8 Tembungé Abisai marang Dawud,
"Ing dalu menika Gusti Allah sampun
masrahaken mengsah sampéyan
dhateng sampéyan. Kula sampéyan lilani
numbak piyambakipun ngantos tembus
ing siti, sepisan kémawon, mboten prelu
ngaping kalihi."
9 Nanging Dawud kandha, "Aja! Aja
kokganggu! Gusti Allah mesthi bakal
ngukum wong sing tumindak ala marang
raja sing dipilih déning Allah.

10 Demi Allah kang gesang, aku ngerti
yèn Panjenenganè piyambak sing bakal
numpes Saul, embuh yèn wis wektuné
mati embuh yèn ana ing peprangan.
11 Gusti Allah menggak enggonku arep
matèni raja sing dipilih déning Allah!
Dijupuk waé tumbak lan kendhiné,
banjur kita tinggal lunga!"
12 Dawud banjur njupuk tumbak lan
kendhiné sing ana ing sandhingé sirahé
Saul, banjur lunga. Ora ana wong siji
waé sing ngerti utawa tangi, sebab Gusti
Allah nyirep wong-wong kuwi kabèh.
13 Dawud liwat sisihé ngaré liyané tekan
pucaking gunung, nganti dhèwèké lan
kémahé Saul leté adoh.
14 Dawud banjur mbengoki Abnèr lan
prejurité Saul, "Abnèr! Apa kowé krungu
pambengokku?" Abnèr uga mbengok,
"Sapa sing bengok-bengok?"
15 Wangsulané Dawud, "Abnèr, kowé
rak wong sing hébat dhéwé ing Israèl?
Yagéné kowé ora njaga bendaramu,
Sang Prabu? Lagi waé ana wong mlebu
ing kémahmu arep matèni bendaramu.
16 Tanpa guna enggonmu nindakaké
kuwajiban, Abnèr! Demi Allah kang
gesang, kowé kabèh kaya wong mati,

sebab ora njaga bendaramu, pilihané
Allah. Coba delengen! Tumbaké Sang
Prabu ana ing ngendi? Kendhiné sing ana
ing cedhaké mestakané ana ing ngendi?"
17 Saul ora pangling karo swarané
Dawud, banjur takon, "Apa iya bener,
kowé Dawud, anakku?" Wangsulané
Dawud, "Inggih, Sang Prabu."
18 Banjur ngucap menèh, "Menapa
sebabipun Sang Prabu taksih ngoyak-
oyak kula kémawon? Lepat kula
menapa?
19 Sang Prabu, kula aturi nampèni
atur kula menika. Menawi Gusti Allah
ingkang dhawuh supados panjenengan
nglawan kula, menika prekawis ingkang
badhé ngleremaken dukanipun dhateng
kula. Nanging menawi ingkang mbujuk
panjenengan menika manungsa, mugi
angsala paukumanipun Allah! Margi
saking tumindakipun menika, kula dipun
tundhung saking tanah ingkang dipun
janjèkaken Allah, kedah késah dhateng
negari sanès lan ngabekti dhateng
déwa-déwa sanèsipun.
20 Kula sampun ngantos dipun pejahi
ing tanah manca, tebih kaliyan Gusti
Allah. Menapa ginanipun raja Israèl

mbujeng, badhé mejahi tuma kados kula
menika? Menapa ginanipun mbujeng
kula kados déné mbujeng ayam wana?"
21 Saul banjur mangsuli, "Aku sing
luput. Balia, Dawud, anakku! Aku ora
bakal tumindak ala menèh marang kowé,
merga mau bengi kowé wis ngéman
nyawaku. Pretingkahku bodho banget.
Aku wis nindakaké prekara sing ambek
siya banget."
22 Nanging Dawud mangsuli, "Menika
tumbak panjenengan, kersaa utusan
prejurit mendhet.
23 Gusti Allah badhé malesaken sinten
kémawon ingkang setya lan jujur. Sebab,
senajan ing dinten menika Gusti Allah
masrahaken panjenengan dhateng kula,
kula mboten purun damel awon dhateng
panjenengan, pilihanipun Allah.
24 Kados déné panjenengan sampun
kula éman sugeng panjenengan ing
dinten menika, inggih mekaten ugi kula
dipun ayomi déning Allah saha dipun
uwalaken saking sedaya bebaya!"
25 Saul banjur ngucap marang Dawud,
"Gusti Allah mberkahi kowé, anakku!
Bakal kaleksanan apa sing koklakoni!"

Dawud banjur nerusaké lakuné, déné
Saul kondur.

27 1 Dawud mikir-mikir, "Kepriyé waé
ing sawijining dina Saul bakal
matèni aku. Dadi, ora ana cara liya
kanggoné aku, kejaba mung ngungsi
menyang tanahé wong Filistia. Yèn
mengkono Saul bakal lèrèn enggoné
nggolèki aku, lan aku iya bakal tentrem."
2 Dawud lan prejuritė banjur énggal-
énggal lunga marani Akhis, anaké Maoh,
raja ing kutha Gat.
3 Dawud banjur manggon ing Gat
bebarengan karo brayat lan para
prejurité. Dawud uga nggawa bojoné
loro, Ahinoam saka Yésreèl, lan Abigail,
randhané Nabal, saka Karmèl.
4 Bareng Saul krungu, yèn Dawud wis
ngungsi menyang Gat, banjur lèrèn
enggoné nggolèki.
5 Dawud matur marang Akhis, "Menawi
kula angsal sih panjenengan, mugi
kersa maringi kitha alit kénginga kula
enggèni, supados kula mboten mondhok
ing dalem panjenengan ing kitha ageng
menika."
6 Akhis banjur maringaké kutha Ziklag
marang Dawud, mulané wiwit wektu

kuwi Ziklag dadi duwèké para raja Yéhuda.

7 Dawud manggon ing negarané wong Filistia suwéné setaun patang sasi (nembelas sasi).

8 Sajroné wektu kuwi Dawud lan para prejurité kerep nyerang wong-wong Gésur, Girzi lan wong-wong Amalèk sing manggon ing wilayah kono. Enggoné nyerang tekan Sur, sauruting dalan menyang tanah Mesir,

9 matèni sakèhé wong lanang lan wadon sarta ngrampas wedhus gèmbèl, sapi, kuldi, unta sarta iya sandhangan barang. Banjur bali sarta lapur marang Akhis.

10 Menawa Akhis takon, "Enggonmu padha nempuh perang ana ing ngendi?" Dawud matur, yèn dhèwèké wis lunga menyang tanah Yéhuda sisih Kidul utawa menyang wilayahé Yérahmeèl utawa wilayahé wong-wong Kèni.

11 Ora ana wong siji waé ing wilayah-wilayah kono sing diéman nyawané, supaya ora ana sing menyang Gat nglapuraké apa sing ditindakaké Dawud lan para prejurité. Kaya mengkono mau tumindaké Dawud sajroné manggon ing negarané wong Filistia.

12 Akhis precaya marang Dawud sarta nggagas, "Bangsané koksengit banget karo Dawud, nganti kepeksa dadi baturku selawasé urip."

28 1 Nalika semana wong Filistin ngumpulaké prejurité kanggo nglawan wong Israèl, déné Akhis kandha karo Dawud, "Mesthiné kowé ngerti, yèn kowé lan prejuritmu kudu perang mèlu aku."

2 Aturé Dawud, "Temtu kémawon, panjenengan mangké badhé mirsa piyambak, menapa ingkang saged kula lampahi." Akhis banjur ngucap, "Becik! Kowé bakal dakangkat dadi prejurit sing ngreksa aku ing selawasé."

3 Dhèk semana Samuèl wis tilar-donya lan ditangisi déning bangsa Israèl kabèh sarta wis dikubur ing Rama, kuthané dhéwé. Ing wektu kuwi uga Saul wis nundhungi tukang ngramal lan dhukun préwangan supaya lunga saka Israèl.

4 Bareng prejurit Filistin padha kumpul sarta padha ngedegaké kémah ing sacedhaké kutha Sunèm, Saul uga ngumpulaké wong-wong Israèl, lan padha pasang kémah ing Gunung Gilboa.

5 Bareng Saul weruh prejurit Filistin
mau, atiné giris.
6 Banjur nyuwun pitedah marang Allah,
nanging Gusti Allah ora mangsuli, iya ing
sajroning impèn, utawa lantaran Urim
lan Tumim sarta lantaran para nabi.
7 Mulané Saul banjur kandha karo para
kawulané, "Golèka dhukun préwangan
wadon, arep daktemoni lan dakjaluki
pitutur." Wong-wong padha matur, "Ing
Èndor wonten dhukun."
8 Saul banjur nyamar, supaya ora
kaweruhan ing wong. Karo pendhèrèk
wong lanang loro Saul mangkat lan
tekan ing omahé dhukun mau ing wayah
bengi. Tembungé Saul, "Undangna rohé
wong sing bakal daksebut jenengé, lan
takokna apa sing bakal kelakon."
9 Wong wadon mau matur, "Sampéyan
temtu ngertos, bilih Raja Saul sampun
nundhungi para tukang ngramal saha
para dhukun préwangan saking Israèl.
Menapa sampéyan badhé njeblosaken
kula supados dipun pejahi?"
10 Saul banjur sumpah, tembungé,
"Demi Allah kang gesang, aku janji yèn
kowé ora bakal diukum merga nindakaké
prekara iki."

11 Wong wadon mau matur, "Sinten ingkang kedah kula undang?" Wangsulané Saul, "Samuèl."
12 Bareng wong wadon mau weruh Samuèl, banjur mbengok lan matur marang Saul, "Menapa sebabipun panjenengan ngapusi kula? Panjenengan menika Raja Saul!"
13 Wangsulané Saul, "Aja wedi! Kandhakna, apa sing kokweruhi!" Wangsulané, "Kula sumerep roh njedhul saking bumi."
14 Pitakoné Saul, "Kepriyé rupané?" Aturé, "Tiyang jaler sampun sepuh, njedhul nganggé jubah." Saul banjur ngerti yèn iku Samuèl, sarta banjur sujud ngurmati nabi kuwi.
15 Sabanjuré Samuèl kandha marang Saul, "Yagéné aku kokganggu? Yagéné kowé ngundang aku mréné?" Pangucapé Saul, "Kula bingung sanget sebab dipun serang déning tiyang Filistin, mangka Gusti Allah sampun nilar kula. Kula mboten dipun pangandikani malih, inggih lantaran para nabi, mekaten ugi srana impèn. Mila kula nyuwun dhateng bapak, kersaa ngandikani menapa ingkang kedah kula lampahi."

16 Tembungé Samuèl, "Apa preluné
kowé ngundang aku, mangka Allah wis
nilar kowé sarta dadi mungsuhmu?
17 Allah wis ndhawuhi kowé kaya sing
wis didhawuhaké lantaran aku. Allah wis
mundhut tanah Israèl saka tanganmu
lan maringaké marang Dawud.
18 Kowé wis nglawan dhawuhé Gusti
Allah lan ora numpes wong Amalèk sarta
bandhané kabèh. Yakuwi sebabé saiki
kowé dipatrapi kaya mengkono déning
Allah.
19 Allah bakal masrahaké kowé lan
bangsa Israèl marang wong Filistin.
Sésuk kowé lan para anakmu bakal
kumpul karo aku; malah prejurit Israèl
kabèh bakal dipasrahaké marang wong
Filistin déning Allah."
20 Krungu mengkono, Saul banjur
ambruk nggejejer ing lemah, merga
kagèt lan banget girisé. Karomenèh Saul
lemes banget, sebab sedina sewengi ora
mangan apa-apa.
21 Dhukun mau nyedhaki Saul lan ngerti
yèn dhèwèké bingung banget. Mulané
wong wadon mau banjur matur, "Gusti,
kula sampun toh nyawa prelu nindakaken
menapa ingkang panjenengan pundhut.

22 Dados, panjenengan mugi kersa
ngabulaken panyuwunan kula; kula
aturi dhahar sekedhik saking tetedhan
ingkang kula aturaken, supados
panjenengan saged nglajengaken tindak
panjenengan."
23 Saul nolak lan kandha yèn dhèwèké
ora arep mangan. Nanging sawisé diaturi
para prejurité, manut. Saul banjur
menyat lan lungguh ing peturon.
24 Wong wadon mau énggal-énggal
nyembelèh pedhèté sing wis dilelemu,
njupuk glepung lan diremet-remet,
banjur dipanggang dadi roti tanpa ragi.
25 Sawisé rampung banjur disuguhaké
Saul lan para prejurité, nuli padha
dipangan. Ing bengi kuwi uga wong-
wong mau padha lunga.

29

1 Wong Filistin ngumpulaké
prejurité kabèh ing Afèk;
déné wong Israèl pasang kémah ing
sacedhaké sumber ing tanah ngaré
Yésreèl.
2 Nalika raja Filistin padha baris karo
para prejurité, ana wong satus sarta
ana sing sèwu, Dawud lan para prejurité
pacak baris ana ing mburi bebarengan
karo Raja Akhis.

3 Bareng para sénapatining prejurit padha weruh, banjur padha takon, "Wong-wong Ibrani kuwi lagi padha ngapa ana kéné?" Akhis mangsuli, "Iki Dawud, mauné punggawané Raja Saul saka Israèl, wis rada suwé mèlu aku. Wiwit mèlu aku nganti sepréné ora nduwèni kaluputan apa-apa."
4 Nanging para sénapati Filistin mau padha nepsu marang Akhis lan kandha, "Wong kuwi konen bali menyang kutha sing wis kokwènèhaké, ora kena perang bebarengan karo kita; aja-aja mengko mbalik ing satengahing peprangan. Yèn wis matèni prejurit kita, dhèwèké rak bisa ngepèk atiné bendarané?
5 Kuwi rak Dawud? Lan wong-wong wadon rak padha tau jejogèdan karo menyanyi: ‘Saul wis matèni mungsuh maèwu-èwu, nanging Dawud puluhan éwon?’"
6 Akhis banjur ngundang Dawud lan kandha, "Atas asmané Gusti Allah kang gesang, dakakoni yèn kowé setya marang aku. Aku seneng yèn kowé bisa ngamping-ampingi aku ing sajroning peprangan iki. Sebab wiwit kowé teka nganti sepréné, aku ora weruh

keluputanmu. Nanging raja-raja liyané
iki ora seneng karo kowé.
7 Mulané balia waé kanthi slamet, lan
aja tumindak apa-apa sing ndadèkaké
nepsuné raja-raja kuwi."
8 Aturé Dawud, "Lepat kula menapa,
Gusti? Menawi panjenengan ngandika,
bilih wiwit ngladosi panjenengan
ngantos sepriki kula mboten lepat,
menapa sebabipun kula mboten dipun
parengaken ndhèrèk nglawan mengsah
menika?"
9 Wangsulané Akhis, "Kowé weruh
dhéwé, yèn kowé dakanggep kaya déné
malaékating Allah. Nanging raja-raja
kuwi wis nduwèni putusan, yèn kowé ora
kena mèlu perang bebarengan karo aku.
10 Mulané, Dawud, sésuk, kowé kabèh
sing wis padha lunga saka panggonané
Saul lan mèlu aku, padha tangia ésuk
lan sawisé srengéngé mlethèk énggala
mangkat."
11 Mulané ing dina ésuké, isih ésuk,
Dawud lan para prejurité padha bali
menyang Filistia, déné bala Filistin padha
budhal menyang ing Yésreèl.

30 1 Sawisé rong dina, Dawud lan
para prejurité bali menyang

Ziklag. Nalika tekan kana, padha weruh yèn wong Amalèk wis nyerang Yéhuda sisih Kidul lan Ziklag. Siji waé ora ana sing dipatèni déning wong-wong mau. Nanging kuthané diobong nganti entèk lan salungané karo nggawa para wong wadon, bocah-bocah sarta wong-wong liyané, uga nggawa brayaté Dawud lan brayaté prejurité. Bojoné Dawud yakuwi Ahinoam lan Abigail iya katut pisan. Dawud lan para prejurité susah banget, nangis terus tanpa lèrèn nganti ora duwé kekuwatan.

2 (30:1)

3 (30:1)

4 (30:1)

5 (30:1)

6 Prejurité Dawud padha susah banget, sebab padha kélangan anak-bojoné. Mulané wong-wong mau padha arep mbenturi Dawud nganggo watu. Dawud iya susah banget, nanging atiné diteguhaké déning Allah.

7 Dawud kandha karo Imam Abyatar anaké Akhimèlèkh, "Éfod kuwi gawanen mréné!" Abyatar banjur mènèhaké éfod marang Dawud.

8 Dawud matur marang Gusti Allah,
"Menapa kawula kedah ngoyak
grombolan rampog ingkang nyerang
menika? Menapa tiyang-tiyang
menika saged ketututan lampahipun?"
Pangandikané Gusti Allah, "Iya,
tututana; kowé bakal bisa nututi lan
ngluwari para tawanan."
9 Dawud banjur mangkat karo prejurité
nem atus. Nalika tekan Kali Besor,
Dawud nerusaké lakuné bebarengan
karo wong patang atus; déné sing rong
atus liyané, sing padha sayah ora kuwat
nyabrang Kali Besor, padha kèri ana ing
kono.
10 (30:9)
11 Nalika padha mlaku prejurité Dawud
ketemu karo wong lanang Mesir ing
ara-ara, banjur disowanaké Dawud.
Jebul wis telung dina wong mau ora
mangan lan ngombé, banjur diwènèhi
mangan lan ngombé,
12 roti woh ara lan anggur garing rong
dhompol. Sawisé mangan, kekuwatané
pulih, merga wis telung dina wong mau
ora mangan ora ngombé.
13 Dawud banjur nakoni wong mau,
"Sapa bendaramu, lan kowé kuwi saka

ngendi?" Wangsulané, "Kula menika
tiyang Mesir, abdinipun tiyang Amalèk.
Margi kula sakit, tigang dinten ingkang
kepengker kula dipun tilar déning
bendara kula.
14 Kula sedaya sampun sami majeng
perang ing wilayah Kreti, ing Yéhuda
sisih Kidul saha wilayahipun bangsa
Kalèb, sarta sampun sami mbesmi Ziklag
ngantos telas."
15 Pitakoné Dawud sabanjuré, "Apa
kowé gelem nuduhaké dalan sing tekan
panggonané grombolan rampog kuwi?"
Wangsulané, "Kula purun, angger
panjenengan kersa janji atas asmanipun
Allah, bilih kula mboten panjenengan
pejahi saha mboten panjenengan
pasrahaken dhateng bendara kula."
16 Dhèwèké banjur nuduhaké dalan
sing menyang panggonané grombolan
rampog mau. Ing wektu kuwi grombolan
rampog mau padha sumebar, karo padha
mangan, ngombé sarta pésta gedhèn,
merga saka akèhé barang rampasan
sing padha digawa saka negara Filistia
lan Yéhuda.
17 Ésuké isih repet-repet, grombolan
mau diserang déning Dawud. Enggoné

padha perang nganti tekan bengi. Siji
waé ora ana mungsuh sing bisa lolos,
kejaba para mudha patang atus sing
keplayu nunggang unta.
18 Dawud kelakon bisa ngrebut barang-
barang sing dirampas déning wong
Amalèk, klebu bojoné loro pisan;
19 ora ana siji waé sing ilang. Kabèh
bocah lanang wadon sarta barang sing
wis dirampas déning wong Amalèk
dijaluk bali déning Dawud.
20 Kejaba kuwi Dawud iya ngrebut
wedhus gèmbèl lan raja-kaya kabèh.
Kéwan-kéwan mau padha digiring déning
prejurité Dawud ana ing sangareping
rampasan, sarta para prejurit padha
ngucap, "Rampasan iki kanggo Dawud!"
21 Dawud banjur bali menyang
panggonané wong rong atus sing padha
kesayahen, ora bisa mèlu, sing wis
ditinggal ing pinggiring Kali Besor.
Wong-wong mau padha methukaké
Dawud, lan methukaké para prejurité;
Dawud banjur nyedhak sarta nyalami.
22 Nanging para prejurité Dawud sing
padha ndhèrèk ana sing wataké ala lan
sengit. Banjur padha matur, "Tiyang-
tiyang menika mboten ndhèrèk, dados

mboten kénging nampi menapa-menapa
saking rampasan menika. Kéngingipun
namung mendhet anak saha sémahipun,
lan lajeng kapurih késah."
23 Nanging Dawud mangsuli, "Sedulur-
sedulurku! Aja padha kaya mengkono
tumrap apa sing wis diparingaké déning
Allah marang kita. Kita rak wis diayomi
lan diparingi menang karo grombolan
rampog?
24 Dadi sapa waé ora kena nyarujuki
usul kuwi! Kabèh kudu olèh panduman
sing padha. Wong sing kèri prelu njaga
barang-barang kudu olèh panduman sing
padha kaya déné sing maju perang."
25 Mengkono saterusé didadèkaké
tatanan déning Dawud, lan diugemi
nganti sepréné.
26 Nalika Dawud bali menyang Ziklag,
dhèwèké ngirimaké sebagéan saka
barang rampasan mau marang para
penggedhéné Yéhuda ing kutha-kutha
sing wis tau didlajahi déning Dawud
lan para prejuritè nalika nglembara,
tembungé, "Iki berkah kanggo kowé
kabèh saka barang rampasan sing
dakrebut saka mungsuhé Allah."

27 Kutha-kutha mau yakuwi: Bètèl,
Rama ing Yéhuda sisih Kidul, Yatir, Aroèr,
Sifmot, Èstemoa, Rakal, mengkono
uga kutha-kuthané wong Yérahmeèl,
kutha-kuthané wong Kéni, Horma,
Berasan, Atab lan Hébron. Kabèh
kutha panggonané Dawud lan para
prejurité nalika ngungsi, padha nampa
barang-barang saka Dawud.
28 (30:27)
29 (30:27)
30 (30:27)
31 (30:27)

31 1 Dhèk semana wong Filistin
padha perang nglawan wong
Israèl ing Gunung Gilboa. Akèh wong
Israèl sing padha mati, déné liyané,
anak-anaké padha keplayu.
2 Nanging padha ditututi déning wong
Filistin lan anaké Saul sing dipatèni telu,
yakuwi: Yonatan, Abinadab lan Malkisua.
3 Peprangan sangsaya ngambra-ambra.
Déné Saul dhéwé kena panahing
mungsuh, nganti tatu-tatuné nggegirisi.
4 Saul banjur kandha karo pemuda
sing nggawa gegamané, "Pedhangmu
unusen, sudukna aku, supaya aku ora
diwirang-wirangaké lan ora dipatèni

déning wong-wong kapir kuwi." Nanging
pemuda mau ora gelem nglakoni,
merga saka wediné. Mulané Saul njupuk
pedhangé dhéwé lan dirungkebi.
5 Bareng pemuda mau weruh, yèn Saul
wis mati, iya ngrungkebi pedhangé,
banjur mati ana ing sandhingé Saul.
6 Mengkono enggoné Saul, anaké telu,
prejurité kabèh sarta pemuda mau
padha tiwas nunggal dina.
7 Bareng wong-wong Israèl sing
manggon ing sabrangé tanah ngaré
Yésreèl lan sawétané Kali Yardèn padha
krungu, yèn prejurit Israèl wis keplayu,
sarta Saul lan anak-anaké padha
tiwas, banjur padha ninggal kuthané.
Kutha-kutha mau banjur ditekani lan
dibroki wong Filistin.
8 Sedina sawisé peprangan mau, wong
Filistin padha teka arep mblèjèdi sing
padha tiwas, lan iya banjur padha
mrangguli jisimé Saul lan anak-anaké,
gumléthak ana ing Gunung Gilboa.
9 Sirahé Saul ditigas, sandhangané
perang diblèjèdi. Wong Filistin banjur
kongkonan nggawa sirah lan sandhangan
perangé Saul mau menyang saindenging

negara Filistia kanggo ngabari marang
wong-wong Filistia lan marang déwané.
10 Sabanjuré gegamané Saul didokok
ing kuil Astorèt, lan jisimé dipaku ana
ing témboké kutha Bèt-Séan.
11 Nanging bareng wong-wong Yabès
ing Giléad padha krungu wartané,
12 wong-wong sing padha kendel
mangkat saka panggonan kono, padha
mlaku sewengi muput menyang Bèt-
Séan. Wong-wong padha ngudhunaké
jisimé Saul lan anak-anaké saka
témboké kutha, banjur digawa menyang
ing Yabès, lan diobong.
13 Balungé kabèh dikumpulaké lan
dikubur ing sangisoring wit tamariska
ing kutha kono, lan wong-wong mau
banjur padha pasa lawasé pitung dina.

2 Samuel

1 [1] Sasédané Saul, nalika Dawud bali
saka peprangan ngalahaké wong
Amalèk, banjur lereb ing Ziklag suwéné
rong dina.
[2] Ésuké ana nonoman teka saka
tentarané Saul, nganggo sandhangan
suwèk rontang-ranting lan sirahé kebak
awu. Nonoman mau sowan, sarta sujud
ing ngarsané Dawud.
[3] Dawud banjur ndangu, "Kowé saka
ngendi?" Wangsulané, "Kula keplajeng
saking barisaning wadyabala Israèl."
[4] Pandanguné Dawud, "Ana lelakon apa
ana ing kana?" Wangsulané nonoman
mau, "Prejurit sami nilar peprangan,
saha kathah ingkang pejah, kalebet Saul
lan Yonatan."
[5] "Ngertimu saka endi?" pandanguné
Dawud.
[6] Wangsulané, "Kula ngleresi wonten ing
Gunung Gilboa, sumerep Saul lèndhèhan
ing tumbakipun, déné kréta-kréta saha
para prejurité mengsah ngepung papan
ngriku.

7 Saul lajeng nolèh saha sumerep kula.
Kula dipun timbali, kula matur, ‘Inggih,
Gusti.’
8 Saul ndangu sinten kula menika; kula
matur, bilih kula tiyang Amalèk.
9 Pangandikanipun dhateng kula, ‘Rénéa
lan aku patènana! Aku ketaton lan mèh
mati!’
10 Kula lajeng nyelaki saha
panjenenganipun kula sédani, sebab
kula mangertos samasa dhawah, mesthi
badhé manggih tiwas. Jamang[a] ing
mestaka saha gelang ing lengenipun
kula bekta mriki, kula saosaken
panjenengan."
11 Krungu atur mengkono mau Dawud
banjur nyuwèk agemané merga saka
susahé; déné para prejuritė iya tumindak
mengkono.
12 Wong-wong mau nuli padha pasa
lan nangisi Saul lan Yonatan, sarta
para prejurit sing padha tiwas déning
pedhang, nganti surup.
13 Dawud banjur ndangu marang
nonoman sing nggawa kabar mau,
"Kowé kuwi wong saka ngendi?" Aturé,

---

[a]Jamang: makutha, tali sirah.

"Kula menika tiyang Amalèk, nanging
manggèn ing negari panjenengan."
14 Dawud nerusaké ngandika, "Yagéné
kowé ora wedi matèni ratu pilihané Gusti
Allah?"
15 Dawud banjur nimbali prejurité lan
dhawuh, "Wong kuwi patènana! Sing
didhawuhi banjur matèni wong Amalèk
mau klawan pedhang."
16 Pangandikané Dawud marang
nonoman mau, "Kowé wis nekakaké
paukuman pati tumrap awakmu dhéwé,
merga kowé wis matèni wong sing
dijebadi déning Gusti Allah didadèkaké
raja."
17 Dawud banjur ngidung nangisi Saul
lan Yonatan,
18 lan dhawuh supaya kidung mau
diwulangaké marang bangsa Yéhuda.
(Kidung mau katulis ing Buku Yasar.)
19 "Hé Israèl, ing punthuk-punthukmu,
ing kana para perwira nemoni tiwas,
para putraning negara padha gugur
minangka kembanging bangsa.
20 Muga-muga wong Gat ora padha
nampa pawarta kuwi, lurungé Askelon
ora padha krungu kabar iki. Wong
wadon Filistia aja padha surak-surak,

prawan-prawan kapir aja nganti padha
giyak-giyak.
21 Dhuh punthuk-punthuké Gilboa,
rungokna pangucapku: Ebun lan udan
aja nganti padha nelesi awakmu! Tegal
lan ara-ara karebèn garing lan tanpa
pametu. Sebab para tamènging perwira
padha gumléthak ing kana, sarta
tamèngé Saul uga ora jinebadan ing
lenga.
22 Gendhéwané Yonatan kang ampuh,
mematèni. Pedhangé Saul kang
nggegirisi, matèni mungsuh, niwasaké
satru.
23 Saul lan Yonatan, padha sih-sinihan
lan merak ati; kang tansah manunggal,
sajroning urip lan mati. Luwih rikat
ngungkuli manuk garudha, luwih kuwat
ngungkuli singa prakosa.
24 Dhuh, para wong wadon Israèl,
tangisana Saul, sang raja! Sing
nyandhangi kowé kanthi sandhangan
adi kang jingga, kang maringi anggon-
anggon sesotya kencana.
25 Padha tiwas para pahlawan, ambruk
ing papan peprangan, sarta ing punthuk
kang sepi, Yonatan gumléthak nemahi
pati.

26 Yonatan, sedulurku, trenyuh
atiku, sebab merak ati marang aku.
Katresnanmu tumrap aku sanyata
mulya, ngungkuli katresnaning wanita.
27 Wus padha tiwas para pahlawaning
bangsa, gegamaning perangé sanyata
tanpa guna!"

2 1 Sawisé mengkono, Dawud munjuk
marang Gusti Allah, "Menapa Gusti
ngersakaken kawula, késah saha
ngwaosi setunggaling kitha ing Yéhuda?"
Pangandikané Gusti Allah, "Mangkata!"
Unjuké Dawud, "Kitha ingkang pundi?"
Pangandikané Gusti Allah, "Kutha
Hébron."
2 Dawud banjur lunga menyang Hébron
bebarengan karo bojoné loro: Ahinoam
saka Yésreèl, sarta Abigail, randhané
Nabal, saka Karmèl.
3 Mengkono uga para prejurité lan para
brayaté padha mèlu Dawud, banjur
padha manggon ing kutha Hébron.
4 Wong-wong Yéhuda banjur padha
teka ing Hébron, lan njebadi Dawud dadi
rajané wong Yéhuda. Bareng Dawud
mireng yèn wong-wong Yabès ing Giléad
wis ngubur layoné Saul,

5 banjur ngutus utusan mrana karo
diweling, "Muga-muga Gusti Allah
mberkahi kowé kabèh, sebab kowé wis
ngètokaké kasetyanmu marang ratumu
srana nyarèkaké layoné.
6 Mulané, muga-muga Gusti Allah
paring sih lan kasetyané marang kowé.
Sarèhné kowé wis padha nglakoni
prekara kuwi mau, aku bakal nandukaké
kabecikan marang kowé kabèh.
7 Padha dadia wong sing kuwat lan
gagah prakosa. Senajan Saul ratumu wis
ora ana, nanging wong-wong Yéhuda wis
padha njebadi aku dadi ratuné."
8 Sénapatiné Saul, yaiku Abnèr anaké
Nèr, wis keplayu bebarengan karo
Isybosèt, anaké Saul, sarta nyabrang
Kali Yardèn menyang Mahanaim.
9 Ing kana Abnèr ngangkat Isybosèt
dadi raja ing wilayah Giléad, Asyèr,
Yésreèl, Éfraim lan Bènyamin, malah ing
satanah Israèl kabèh.
10 Isybosèt nalika didadèkaké raja ing
Israèl umuré patang puluh taun, déné
enggoné mréntah lawasé rong taun.
Nanging bangsa Yéhuda tetep setya
marang Dawud,

11 déné Dawud enggoné mréntah ing
Hébron mengku bangsa Yéhuda suwéné
pitu setengah taun.
12 Abnèr lunga saka Mahanaim menyang
kutha Gibéon, bebarengan karo prejurité
Isybosèt.
13 Yoab, (jenengé ibuné Zeruya) uga
mrana bebarengan karo prejurité
Dawud liyané. Banjur padha ketemu ing
blumbang Gibéon. Abnèr lan balané ana
ing sabrang kéné, déné Yoab lan balané
ana ing sabrang kana.
14 Abnèr banjur nantang marang Yoab,
"Ayo, bala kita karebèn padha perang
tandhing!" "Iya becik," wangsulané Yoab.
15 Banjur ana wong rolas maju saka
taler Bènyamin sing makili Isybosèt, lan
iya rolas saka prejurité Dawud.
16 Padha jambak-jambakan rambut,
banjur padha suduk-sudukan lambungé,
nganti padha mati sampyuh. Mulané
panggonan ing sacedhaké Gibéon mau
dijenengaké "Tegal Pedhang."
17 Ing dina iku ana peprangan gedhé,
déné Abnèr sarta para prejurit Israèl
dikalahaké déning prejurité Dawud.
18 Anaké Zeruya telu pisan ana ing
kono, yakuwi Yoab, Abisai lan Asaèl.

Playuné Asaèl banteré kaya playuné
kidang,
19 mulané Abnèr dioyak, tanpa
nyimpang ngiwa utawa nengen.
20 Abnèr nolèh memburi sarta takon,
"Apa kowé Asaèl?" "Iya," wangsulané.
21 "Aja ngoyak aku!" pangucapé Abnèr,
"Oyaken prejurit kuwi salah siji lan
gamané jupuken!" Nanging Asaèl terus
ngoyak.
22 Abnèr kandha sepisan menèh, "Aja
ngoyak aku! Kepeksané mengko kowé
dakpatèni. Banjur kepriyé enggonmu
bisa nyawang Yoab, kakangmu?"
23 Bareng Asaèl tetep ora gelem lèrèn,
Abnèr banjur njojoh wetengé Asaèl
nganti tumbaké butul ing gegeré.
Asaèl ambruk lan mati ing papan kono.
Kabèh wong sing padha tekan papan
panggonané Asaèl nggléthak, padha
mandheg.
24 Nanging Yoab lan Abisai nerusaké
enggoné ngoyak Abnèr. Nalika srengéngé
angslup, padha tekan ing punthuk Ama,
ing sawétané Giyah, ngadhepaké ara-ara
samun Gibéon.
25 Ing kono wong-wong saka taler
Bènyamin dadi siji menèh karo Abnèr,

banjur padha ngatur barisan ana ing
punthuk.
26 Saka kono Abnèr mbengoki Yoab,
"Apa kita selawasé mung arep perang?
Apa kowé ora ngerti, yèn perang kuwi
mung nekakaké kasangsaran? Aku iki
sedulurmu tunggal negara. Pira lawasé
enggonmu arep ngentèni, lan kapan
enggonmu arep mréntahaké prejuritmu
supaya lèrèn enggoné ngoyak aku?"
27 Yoab mangsuli, "Atas asmané Allah
kang gesang, upamané kowé ora kandha
ngono, prejuritku bakal terus ngoyak
kowé nganti sésuk-ésuk."
28 Yoab banjur ngunèkaké slomprèté
kanggo tandha supaya prejurité padha
lèrèn enggoné ngoyak wong Israèl, dadi
ora nerusaké enggoné perang.
29 Abnèr lan para prejurité sewengi
muput padha baris ngliwati tanah ngaré
Yardèn, banjur nyabrang Kali Yardèn, lan
sawisé mlaku terus sedina muput, padha
tekan ing Mahanaim.
30 Sawisé Yoab lèrèn enggoné ngoyak
Abnèr, Yoab ngumpulaké prejurité. Jebul
ana wong sangalas sing ilang, kejaba
Asaèl.

31 Prejurité Dawud wis matèni prejurité
Abnèr 360, saka taler Bènyamin.
32 Sawisé kuwi Yoab lan prejurité padha
ngangkat jisimé Asaèl lan dikubur ana
ing kuburané kulawargané ing Bètléhèm.
Banjur padha mlaku sewengi muput
sarta tekan ing Hébron ing wayah parak
ésuk.

3 1 Peprangan antarané prejurité Saul
lan prejurité Dawud tanpa lèrèn.
Dawud saya suwé saya kuwat, déné
mungsuhé saya ringkih.
2 Anak-anaké Dawud sing lair ing
Hébron, urut lairé yakuwi: Amnon; ibuné
jenengé Ahinoam saka Yésreèl.
3 Kiléab; ibuné jenengé Abigail,
randhané Nabal saka Karmèl. Absalom;
ibuné jenengé Maaka, putri Raja Talmai
saka Gésur.
4 Adoniram; ibuné jenengé Hagit.
Séfaca; ibuné jenengé Abital.
5 Yitram; ibuné jenengé Égla. Anak
enem kuwi lairé ana ing Hébron.
6 Sasuwéné ana peprangan antarané
prejurité Dawud lan prejurit sing setya
karo brayaté Saul, Abnèr saya gedhé
wibawané ing antarané para prejurité
Saul.

7 Ing sawijining dina Isybosèt, anaké
Saul, ndakwa Abnèr turu bebarengan
karo seliré Saul sing jenengé Rizpah,
anaké Aya.
8 Abnèr banjur muntab nepsuné sarta
kandha, "Apa kowé duwé pengira yèn
aku ora setya karo Saul sarta mèlu
Yéhuda? Wiwit sekawit aku setya karo
Saul, bapakmu, lan setya marang sanak
seduluré sarta kanca-kancané. Aku wis
nulungi kowé nganti ora dikalahaké
déning Dawud. Senajan mengkono
kowé ngala-ala aku mung prekara wong
wadon!
9 Luwih becik aku nulungi Dawud, apa
menèh Gusti Allah wis prasetya marang
Dawud, arep mundhut krajané Saul
lan turuné, banjur ngangkat Dawud
dadi rajané wong Israèl lan Yéhuda.
Muga-muga Gusti Allah mundhut
nyawaku, yèn aku ora nglakoni janjiné
Gusti Allah tumrap Dawud kuwi!"
10 (3:9)
11 Merga Isybosèt wedi karo Abnèr,
dhèwèké ora bisa mangsuli sakecap-
kecapa.
12 Abnèr banjur utusan nemoni Dawud,
sing nalika semana ana ing Hébron,

kanthi piweling, "Sinten ingkang badhé
ngwaosi tanah menika? Panjenengan
kula aturi damel prejanjian kaliyan kula,
lan kula badhé mbantu panjenengan,
supados bangsa Israèl sedaya ndhèrèk
panjenengan."
13 Dawud mangsuli, "Iya becik!
Welingku iki aturna marang Abnèr: Aku
gelem gawé prejanjian karo dhèwèké,
nanging ana penjalukku saprekara,
yakuwi: Mikhal, putrané putri Saul,
kudu kokaturaké marang aku, yèn kowé
sowan aku."
14 Sawisé kuwi Dawud iya utusan
nemoni Isybosèt, karo piweling, "Bojoku
Mikhal, kudu kokbalèkaké marang aku,
merga wis daktuku nganggo ikuté wong
Filistin satus."
15 Isybosèt banjur kongkonan njupuk
Mikhal saka ing tangané bojoné, yakuwi
Paltièl anaké Lais.
16 Nanging Paltièl ngetutaké Mikhal
terus karo nangis. Bareng wis padha
tekan ing kutha Bahurim, Abnèr kandha,
"Wis ta, muliha waé!" Paltièl banjur
mulih.
17 Sawisé kuwi Abnèr banjur rembugan
karo para pemimpining bangsa Israèl lan

kandha, "Wiwit biyèn kowé padha duwé
karep supaya Dawud dadi ratumu.
18 Lah, saiki wektu sing becik kanggo
kowé. Élinga, Gusti Allah wis janji karo
Dawud, yèn Panjenengané bakal ngagem
Dawud, kanggo nguwalaké umat Israèl
saka tanganing wong Filistin sarta saka
mungsuhé kabèh."
19 Abnèr iya rembugan karo wong-wong
Bènyamin, banjur lunga menèh menyang
Hébron, prelu mènèhi weruh marang
Dawud, apa sing wis disetujoni déning
wong-wong Bènyamin lan Israèl mau.
20 Nalika Abnèr karo prejurité rong
puluh sowan Dawud ing Hébron,
Dawud banjur nganakaké pésta kanggo
wong-wong mau.
21 Abnèr banjur nyuwun pamit lan
matur, "Kula panjenengan lilani késah
ngempalaken tiyang-tiyang Israèl
sedaya supados dados setunggal
kaliyan panjenengan. Tiyang-tiyang
menika badhé nampi panjenengan
dados ratunipun, saha kanthi mekaten
panjenengan badhé ngwaosi negari
menika sedaya, cocog kaliyan menapa
ingkang panjenengan kersakaken."

Abnèr banjur dililani mangkat déning
Dawud sarta ditanggung keslametané.
22 Sawisé Abnèr lunga, Yoab karo
prejurité Dawud liyané, padha bali saka
peprangan nggawa barang rampasan
akèh banget.
23 Yoab dikabari, yèn Abnèr wis sowan
Raja Dawud sarta wis dililani lunga lan
ditanggung keslametané.
24 Yoab banjur sowan Raja Dawud
lan matur, "Ingkang panjenengan
kersakaken menika kadospundi? Abnèr
sampun sowan panjenengan. Menapa
sebabipun panjenengan lilani késah
mekaten kémawon?
25 Panjenengan temtu pirsa, bilih
dhatengipun Abnèr menika namung
badhé damel kasangsaran panjenengan,
saha badhé nyumerepi tindak-tanduk
sarta kersa panjenengan."
26 Sawisé lunga saka ngarsané Dawud,
Yoab utusan ngundang Abnèr. Enggoné
nututi Abnèr tekan ing sacedhaké sumur
Sira, banjur diajak bali. Prekara kuwi
Dawud ora dicaosi pirsa.
27 Bareng Abnèr wis tekan Hébron,
banjur diajak déning Yoab, menyang
sacedhaké gapura, éthok-éthok arep

diajak rembugan. Yoab banjur nyuduk
wetengé Abnèr dadi lan patiné. Enggoné
Abnèr dipatèni déning Yoab mengkono
mau kanggo males enggoné matèni
Asaèl, adhiné.
28 Bareng Dawud mireng kabaré, banjur
ngucap, "Gusti Allah mirsa, yèn aku lan
rakyatku babar-pisan ora salah tumrap
patiné Abnèr.
29 Yoab sakulawargané kabèh karebèn
diukum merga tumindaké. Ing saturun-
turuné Yoab karebèn tansah ana sing
nandhang lara raja-singa, lumpuh, lépra
utawa wandu, utawa ana sing mati ing
peprangan utawa kekurangan pangan!"
30 Mengkono Yoab lan Abisai, adhiné,
enggoné males ukum marang Abnèr,
merga wis matèni Asaèl, adhiné, ing
sajroning peprangan ing Gibéon.
31 Dawud banjur dhawuh marang Yoab
sarta marang para prejurité supaya
nyuwèk sandhanganė, lan nganggo
sandhangan kasusahan sarta padha
nangisana Abnèr. Sarta ana ing upacara
panguburé, Raja Dawud dhéwé nindaki
ana ing samburiné pethi mati.

32 Abnèr dikubur ing Hébron; déné raja
lan rakyaté kabèh padha nangis kanthi
sora ing sangareping kubur mau.
33 Sawisé mengkono Dawud nangisi
Abnèr, pangandikané.
34 "Apa Abnèr kudu mati kaya déné
matiné wong gemblung, tangané ora
dibanda lan sikilé ora diranté? Tiwasé
disuduk déning durjana." Para kawula
kabèh banjur nangisi Abnèr menèh.
35 Sedina muput rakyat padha ngauri
pamrayoga, supaya Dawud kersa dhahar
sethithik, nanging malah banjur sumpah,
"Muga Gusti Allah mundhut nyawaku,
yèn aku mangan sadurungé srengéngé
angslup!"
36 Krungu mengkono rakyaté
mbeneraké sikapé Dawud. Pancèn,
apa waé sing ditindakaké Raja Dawud,
padha dianggep becik.
37 Ing dina kuwi rakyaté Dawud, iya
bangsa Israèl kabèh padha ngerti, yèn
Raja Dawud ora setuju Abnèr dipatèni.
38 Tembungé sang raja marang para
pengiringé, "Apa kowé padha ora ngerti,
yèn ing dina iki ana penggedhé ing Israèl
nemoni tiwas?

39 Senajan aku iki raja sing dipilih déning Gusti Allah, aku rumangsa susah ing dina iki. Anak-anaké Zeruya iki daksiya banget. Aku ora bisa ngerèh wong-wong kuwi. Muga Gusti Allah ngukum para wong ala iki, murwat karo apa sing ditindakaké!"

4

1 Turuné Saul liyané, yakuwi Méfibosèt, putrané Yonatan. Méfibosèt kuwi pincang wiwit nalika umuré limang taun, yakuwi nalika Saul lan Yonatan nemoni tiwas. Critané, nalika ana kabar saka kutha Yésreèl bab tiwasé Saul lan Yonatan, emban sing nggéndhong Méfibosèt banjur mlayu; nanging merga kesusu, bocah mau tiba, nganti dadi lan pincangé. Bareng Raja Isybosèt, putrané Saul, mireng yèn Abnèr wis dipatèni ing Hébron, ilang semangaté. Kabèh bangsa Israèl dadi giris. Isybosèt kagungan perwira loro sing dadi penggedhéné prejurit, jenengé Baana, sijiné Rékhab. Perwira loro mau anaké Rimon, saka Beérot klebu taler Bènyamin. (Beérot kuwi klebu wilayahé Bènyamin. Déné sing manggon wiwitan wis padha lolos menyang Gitaim sarta manggon ing kana.)

2 (4:1)
3 (4:1)
4 (4:1)
5 Perwira loro, Rékhab lan Baana mau
mangkat menyang kedhatoné Isybosèt
lan tekan ing kana wayahé tengangé;
nalika semono Isybosèt lagi saréan.
6 Wong wadon sing gawéné tunggu
omah, nalika lagi ngresiki gandum,
ngantuk banjur keturon. Mulané Rékhab
lan Baana bisa nlusup mlebu.
7 Banjur terus mlebu ing kamar saré,
panggonané Isybosèt sing lagi saré
kepati, nuli nyuduk Isybosèt nganti séda.
Wong-wong mau padha nugel janggané
lan sirahé, digawa lunga. Olèhé padha
mlaku ngliwati tanah ngaré Yardèn
sewengi muput.
8 Wong-wong mau banjur masrahaké
sirahé Isybosèt marang Dawud ing
Hébron, karo matur, "Menika sirahipun
Isybosèt, putranipun Saul, mengsah
panjenengan ingkang badhé nyédani
panjenengan. Ing dinten menika Gusti
Allah sampun malesaken panjenengan
bab tumindakipun Saul saha turunipun."
9 Nanging Dawud mangsuli, "Gusti Allah
kang gesang, sing wis nguwalaké aku

saka sakèhing bebaya, mirsa yèn apa
sing bakal dakkandhakaké iki bener.
10 Nalika ana ing Ziklag ana wong
sing ngabari aku bab tiwasé Saul,
dhèwèké ngira yèn nggawa kabar sing
becik. Nanging aku malah nyekel wong
mau lan dakpatèni. Yakuwi ganjaran
sing dakwènèhaké marang wong mau,
minangka ijolé kabar sing digawa.
11 Mesthiné luwih abot menèh ukuman
sing bakal dakpatrapaké tumrap wong
ala sing wis padha matèni wong sing ora
salah, sing lagi turu ing omahé dhéwé!
Saiki aku males ukum marang kowé
enggonmu padha matèni mau, sarta
nyirnakaké kowé kabèh saka bumi iki!"
12 Sawisé kuwi Dawud dhawuh marang
prejurité, supaya nyirnakaké Rékhab lan
Baana. Sawisé dipatèni, tangan lan sikilé
dikethok lan digantung ing sacedhaké
blumbang ing Hébron. Nanging sirahé
Isybosèt dijupuk lan dikubur ing kutha
kono ana ing kuburané Abnèr.

5 1 Sawisé kuwi para penggedhéné
bangsa Israèl sowan ing ngarsané
Dawud ing Hébron lan padha matur,
"Kula menika sanak panjenengan.

2 Wiwit kala rumiyin, malah wiwit nalika Saul taksih mréntah kula sedaya, panjenengan ingkang ngirid prejurit Israèl dhateng peprangan. Kaliyan malih Gusti Allah sampun janji dhateng panjenengan, bilih panjenengan ingkang badhé mimpin umatipun saha badhé dados rajanipun bangsa Israèl."
3 Dawud gawé prejanjian karo para penggedhéné bangsa Israèl sing padha nyowani mau, sarta wong-wong mau padha ngangkat Dawud dadi rajané bangsa Israèl.
4 Nalika dadi raja yuswané Dawud telung puluh taun lan enggoné mréntah negara lawasé patang puluh taun.
5 Ana ing Hébron Dawud mréntah Yéhuda pitu setengah taun lawasé, lan ing Yérusalèm mréntah bangsa Israèl lan Yéhuda sajroné telung puluh telu taun.
6 Ing sawijining dina Raja Dawud lan para prejuritè maju perang menyang Yérusalèm. Wong Yébus, penduduk ing kutha kono, ngira yèn Dawud ora bakal bisa ngalahaké Yérusalèm. Mulané padha kandha, "Kowé ora bakal bisa mlebu ing kéné; wong-wong wuta lan wong-wong

pincang waé saguh ngalang-alangi
kowé."
7 Dawud ngandika karo para prejurité,
"Wong-wong ing kéné apa ana sing
gethingé karo wong Yébus kaya déné
aku? Apa iya gething temenan nganti
tegel matèni wong-wong kuwi? Yèn
mengkono, mlebua ngliwati trowongan
banyu sarta gempuren wong-wong
pincang lan wong wuta sing dakgethingi
kuwi." (Mulané ana unèn-unèn
mengkéné: "Wong wuta lan wong
pincang ora kena mlebu ing Pedalemané
Allah.")
8 (5:7)
9 Raja Dawud bisa ngrebut bètèng Sion
lan didalemi. Mulané Sion dijenengaké
"Kuthané Dawud". Kutha mau dibangun
ing sakubengé bètèng, wiwit saka
ing sisih Wétan punthuk sing diurug
nganggo lemah.
10 Raja Dawud saya suwé saya kuwat,
sebab Pangéran, Allahé sarwa tumitah
nunggil karo panjenengané.
11 Raja Hiram saka negara Tirus ngirim
utusan dagang sowan Raja Dawud.
Hiram ngirimaké kayu cemara saka
Libanon karo tukang-tukang kayu lan

tukang-tukang batu prelu mbangun
kratoné Dawud.
12 Dawud banjur rumangsa, yèn wis
ditetepaké déning Gusti Allah dadi
rajané bangsa Israèl, lan diluhuraké
ppréntahané merga Israèl iku umat
kagungané.
13 Sawisé Dawud jengkar saka Hébron
menyang Yérusalèm, banjur kagungan
garwa lan selir menèh, sarta peputra
kakung lan putri.
14 Putra-putrané sing lair ana ing
Yérusalèm yakuwi: Syamua, Sobab,
Natan, Suléman,
15 Yibhar, Èlisua, Nèfèg, Yafia,
16 Élisama, Èlyada lan Èlifèlèt.
17 Bareng wong-wong Filistin padha
krungu, yèn Dawud wis jumeneng raja
Israèl, banjur padha nyerang arep nyekel
Raja Dawud. Bareng Raja Dawud pirsa,
banjur tindak mlebet ing bètèng.
18 Wong-wong Filistin satekané tanah
ngaré Réfaim nuli padha mandhah ana
ing kono.
19 Raja Dawud munjuk marang Allah,
"Menapa kawula kedah nglurugi tiyang
Filistin menika? Menapa Gusti badhé
maringi kaunggulan dhateng kawula?"

"Lurugana!" pangandikané Gusti Allah, "Aku bakal maringi kaunggulan marang kowé!"

20 Dawud banjur tindak menyang Baal
Perasim lan ing kana prejurit Filistin
dikalahaké. Banjur ngucap, "Gusti Allah
wis njebol bètènging mungsuhku, kaya
banjir sing ndhadhalaké apa waé."
Mulané panggonan mau diarani Baal
Perasim.[b]

21 Prejurit Filistin padha keplayu nganti
ora kober nggawa recané brahala.
Reca-reca mau padha dijupuki déning
Dawud lan para prejurité.

22 Ora let suwé wong-wong Filistin
padha teka sarta ngejègi menèh tanah
ngaré Réfaim.

23 Sepisan menèh Dawud nyuwun
pitedah marang Gusti Allah.
Pangandikané Gusti Allah, "Aja
nglurug saka kéné, nanging mlakua
mubeng lan lurugana saka mburi,
sacedhaké wit-witan murbei.

24 Yèn keprungu swarané wong baris ing
sandhuwuring wit-witan, padha majua,

---

[b]Baal Perasim: Ing basa Ibrani ateges "Gusti Allah ingkang njebolaken."

sebab Aku bakal mlaku ing sangarepmu
prelu ngalahaké prejurit Filistin."
25 Dawud nindakaké apa sing
didhawuhaké déning Gusti Allah, lan bisa
ngalahaké wong Filistin saka Géba tekan
Gèzèr.

6 1 Raja Dawud banjur nglumpukaké
menèh para prejurit Israèl sing
pilihan, cacahé telung puluh èwu.
2 Wong-wong mau diirid menyang
Baalé-Yéhuda, prelu njupuk saka kono
Pethi Prejanjian kang disebut klawan
asmané Gusti Allah Kang Mahakwasa,
kang lenggah ing sandhuwuring kerubim,
yaiku pepethan malaékat.
3 Pethi Prejanjian mau diangkat
saka omahé Abinadab kang ana
ing sandhuwuring punthuk, banjur
diunggahaké ing kréta anyar. Uza lan
Ahio, anak-anaké Abinadab, ngetutaké
kréta mau; Uza mlaku ing sisihé,
4 déné Ahio ing ngarepé.
5 Dawud lan bangsa Israèl kabèh
ndhisiki Pethi mau karo jejogèdan
lan padha menyanyi sora banget
kanggo ngurmati Gusti Allah, karo
padha ngunèkaké clempung, terbang,
klinthingan lan kecèr.

6 Nalika padha tekan ing papan
panutoné Nakhon, sapi-sapi sing
nggèrèd kréta mau keplèsèt, mula Uza
tangané kumranggèh nyekeli Pethi mau,
supaya aja tiba.
7 Kocapa Gusti Allah duka banget
marang Uza, sarta merga saka
sembranané, Uza dipatèni. Uza
mati ngenggon, ing sacedhaké Pethi
Prejanjian.
8 Mulané papan mau diarani Pèrès-Uza.[c]
Dawud duka merga paukumané Uza
abot banget.
9 Nanging iya wedi marang Allah, mula
matur, "Samenika kadospundi enggèn
kawula badhé mbekta Pethi Prejanjian?"
10 Mulané diputusaké ora arep
nggawa Pethi Prejanjian menyang
Yérusalèm, nanging disimpen ing omahé
Obèd-Édom, wong ing kutha Gat.
11 Pethi Prejanjian mau ana ing kono
suwéné pitung sasi lan Allah mberkahi
Obèd-Édom sebrayaté.
12 Raja Dawud midhanget yèn Gusti
Allah mberkahi Obèd-Édom lan brayaté
sarta bandhané, merga saka Pethi

---

[c]Pèrès-Uza: Tembung Ibrani, ingkang teges "Ukuman dhateng Uza."

Prejanjian mau; banjur tindak menyang
omahé Obèd-Édom, lan mboyong Pethi
mau menyang Yérusalèm nganggo
kraméan gedhèn.
13 Nalika wong-wong sing ngangkat
Pethi Prejanjian mau wis mlaku nem
jangkah, didhawuhi mandheg. Raja
Dawud banjur misungsungaké kurban
sapi lanang lan pedhèt lemon marang
Gusti Allah.
14 Dawud jejogèdan klawan mempeng
kanggo ngurmati Gusti Allah. Ing wektu
kuwi Dawud mung ngagem sarung léna
cekak diubedaké ing bangkèkané.
15 Dawud lan wong-wong Israèl kabèh
enggoné mboyong Pethi Prejanjian mau
menyang Yérusalèm dibarengi karo
swarané slomprèt lan padha surak-surak.
16 Nalika pethi mau lagi digawa mlebu
kutha, putri Mikhal, putrané Saul,
nginguk liwat jendhéla, banjur pirsa
Raja Dawud lincak-lincak lan jejogèdan
kanggo ngurmati Gusti Allah. Mulané
Sang Putri ing sajroning penggalih
nyepèlèkaké Sang Prabu Dawud.
17 Pethi Prejanjian mau digawa mlebu
lan disèlèhaké ing sajroning kémah ing
papan sing wis dicawisaké. Raja Dawud

banjur misungsungaké kurban obongan
kagem Gusti Allah lan uga kurban
slametan.
18 Sawisé rampung banjur mberkahi
wong-wong Israèl atas asmané Allah
Kang Mahakwasa.
19 Sawisé mengkono banjur ngedum
panganan marang wong-wong mau
kabèh. Saben wong lanang lan wadon
sing ana ing kono diparingi roti siji lan
daging panggang sairis, sarta roti kismis
sethithik. Sawisé kuwi banjur padha
mulih menyang omahé dhéwé-dhéwé.
20 Nalika Raja Dawud kondur menyang
kraton prelu nyalami brayaté, Mikhal
metu manggihi Dawud lan matur,
"Kadospundi déné ratunipun Israèl
koklukar wonten ing ngajengipun para
abdi, kok mboten kraos wirang kados
tiyang urakan?"
21 Wangsulané Dawud, "Aku njogèd
kagem ngurmati Gusti Allah, sing wis
nampik bapakmu sarta brayaté; banjur
milih aku dadi ratuné bangsa Israèl,
umat kagungané. Mulané aku bakal
njogèd terus kagem ngurmati Gusti
Allah.

22 Malah aku iya gelem dirèmèhaké
ngluwihi sing kaya mengkono. Kena waé
kowé ngrèmèhaké aku, nanging para
wong wadon sing koksebut mau, bakal
ngurmati aku."
23 Putri Mikhal, putrané Saul, selawasé
urip ora kagungan putra.

7

1 Gusti Allah maringi pangayoman
marang Dawud, diuwalaké saka
pengganggguning mungsuhé, nganti bisa
manggèn klawan tentrem ing sajroning
kedhatoné.
2 Sang prabu banjur ngandika marang
Nabi Natan, "Kula aturi ningali, kula
menika manggèn ing kraton, ingkang
kadamel saking kajeng cemara saking
Libanon, mangka Pethi Prejanjianipun
Gusti Allah namung dipun simpen ing
salebeting kémah kémawon!"
3 Aturé Nabi Natan, "Mangga,
panjenengan tindakaken menapa
ingkang dados kersa panjenengan,
mergi Gusti Allah nunggil kaliyan
panjenengan."
4 Nanging ing benginé Gusti Allah
ngandika marang Nabi Natan,

5 "Lungaa lan wartakna piweling-Ku iki
marang Dawud, ‘Dudu kowé kang bakal
mbangun pedaleman kagem Aku.
6 Wiwit Aku ngirid bangsa Israèl metu
saka ing Mesir nganti sepréné, Aku
durung dedalem ing sajroning omah;
malah tansah ngumbara sarta dedalem
ing sajroning kémah.’
7 Sajroné ngumbara bebarengan karo
bangsa Israèl, durung tau Aku ndangu
marang para penggedhé sing wis
Daktuding, ‘Yagéné Aku ora digawèkaké
omah saka kayu cemara Libanon?’"
8 Mulané Natan, kandhaa marang
abdi-Ku Dawud, yèn Aku, Gusti Allah
Kang Mahakwasa, ngandika, "Kowé
wis Dakpundhut saka pegawéanmu
angon wedhus gèmbèl ing ara-ara sarta
Dakdadèkaké raja mengku umat-Ku
Israèl.
9 Aku wis nunggal karo kowé ana ing
ngendi waé, sarta mungsuhmu kabèh
wis Daktumpes, yakuwi nalika kowé
maju perang. Kowé bakal Dakgawé
kondhang kaya déné para penggedhé
sing unggul dhéwé ing donya.
10 Karo menèh, umat-Ku Israèl
wis Daksedhiyani panggonan sarta

Dakdhawuhi tetep ana ing kono, supaya
bisa urip kanthi tentrem, tanpa dijajah
menèh. Wiwit tekané wong-wong mau
ing kéné sarta para penggedhéné
Dakangkat, bangsa iki wis dimungsuhi
déning wong-wong sing wangkal
atiné, nanging prekara kuwi ora bakal
kelakon menèh. Aku janji yèn uripmu
bakal tentrem tanpa diganggu déning
mungsuh, sarta Aku bakal maringi turun
marang kowé.
11 (7:10)
12 Mbésuk, yèn tumeka ing pati,
kowé bakal dikubur ing panggonané
leluhurmu; bakal ana turunmu sing
Dakangkat dadi ratu. Yakuwi sing bakal
yasa dalem kanggo Aku, sarta kratoné
bakal lestari ing selawas-lawasé.
13 (7:12)
14 Aku bakal dadi Bapakné, sarta
dhèwèké bakal dadi putra-Ku. Menawa
gawé keluputan, bakal Dakukum kaya
déné bapak ngukum marang anaké.
15 Nanging Aku ora bakal kèndel
enggon-Ku mbeciki dhèwèké, ora kaya
enggon-Ku mbeciki marang Saul, kang
Daksingkiraké, supaya kowé nggentèni
dadi raja.

16 Kowé bakal tansah duwé turun, sarta
Aku bakal nglestarèkaké kratonmu ing
selawasé. Pepréntahané keluwargamu
bakal binerkahan ing selawasé."
17 Nabi Natan ngandhakaké marang
Dawud apa sing wis didhawuhaké déning
Allah.
18 Raja Dawud banjur mlebet ing
Kémah Palenggahané Allah, sujud
lan ndedonga, "Dhuh Gusti ingkang
Mahaluhur, kawula saha brayat kawula
mboten pantes nampi sedaya berkah
ingkang Panjenengan paringaken.
19 Dhuh Gusti ingkang Mahaluhur,
malah langkung saking menika,
Panjenengan sampun maringaken janji
bab turun kawula ing wekdal ingkang
badhé kelampahan. Saha Panjenengan
tedahaken bab menika dhateng kawula,
senajan kawula menika namung
manungsa, dhuh Gusti Allah ingkang
Mahaluhur!
20 Menapa ta ingkang saged kawula
aturaken dhateng Panjenengan?
Panjenengan sampun mirsa
kawontenanipun abdi Panjenengan
menika.

21 Inggih sampun dados kersa
Panjenengan nindakaken prekawis
menika sedaya. Panjenengan sampun
tumindak mekaten kanggé mulang
dhateng kawula.
22 Panjenengan saèstu agung, dhuh
Gusti Allah! Mboten wonten ingkang
nyamèni, saha wiwit kala rumiyin
kawula sami mangertos, bilih namung
Panjenengan piyambak ingkang
jumeneng Allah.
23 Saha mboten wonten bangsa ing
bumi menika kados bangsa Israèl.
Bangsa ingkang sampun Panjenengan
luwari saking penjajahan, sarta
Panjenengan dadosaken kagungan
Panjenengan piyambak. Sedaya
prekawis ingkang ageng saha ngédab-
édabi ingkang Panjenengan tindakaken
kanggé tiyang-tiyang menika, sampun
damel misuwuring asma Panjenengan
ing salumahing bumi. Bangsa-bangsa
sanès saha déwa-déwanipun sampun
Panjenengan tundhung nalika umat
kagungan Panjenengan majeng perang.
24 Bangsa Israèl menika sampun
Panjenengan dadosaken umat
Panjenengan piyambak ing selaminipun,

saha Panjenengan piyambak jumeneng
Allahipun."
25 "Samenika, dhuh Gusti, mugi kersa
nglanggengaken janji ingkang sampun
Panjenengan ngandikakaken dhateng
kawula saha turun kawula, saha mugi
kersa nindakaken menapa ingkang
sampun Panjenengan ngandikakaken
menika.
26 Asma Panjenengan badhé sangsaya
kondhang ngantos tiyang-tiyang badhé
sami criyos, ‘Gusti Allah ingkang
Mahakwaos menika Allahipun bangsa
Israèl.’ Sadangunipun saking turun
kula badhé wonten ingkang jumeneng
rajanipun bangsa Israèl.
27 Gusti ingkang Mahakwaos! Kawula
kumawantun ndedonga menika dhateng
Panjenengan, mergi Panjenengan
sampun ngandikakaken prekawis menika
dhateng abdi Panjenengan, sarta maringi
pawartos dhateng kawula, bilih turun
kawula Panjenengan ayomi, ngantos
mboten badhé tumpes.
28 Dhuh Gusti ingkang Mahaluhur,
namung Panjenengan ingkang jumeneng
Allah, ingkang selaminipun netepi janji
Panjenengan menika, inggih bab ingkang

éndah menika sampun Panjenengan
janjèkaken dhateng kawula.
29 Ingkang menika, kawula nyuwun
mugi kersa mberkahi turun kawula
supados nampi sih-rahmat Panjenengan
ing selaminipun. Dhuh Gusti ingkang
Mahaluhur, sedaya menika sampun
Panjenengan janjèkaken, milanipun
turun kawula badhé tansah Panjenengan
berkahi ing selaminipun."

8 1 Sawisé sawetara mangsa, Raja
Dawud nglurug perang nggepuk
wong Filistin menèh. Wong-wong Filistin
dikalahaké lan tanahé direbut.
2 Raja Dawud uga ngalahaké wong
Moab. Wong-wong mau didhawuhi turon
ing lemah, banjur dipatèni, saben wong
telu, sing dipatèni loro. Wong Moab
padha didadèkaké baturé Dawud lan
kudu mbayar pajeg.
3 Sebanjuré Raja Dawud ngalahaké
Hadadèzèr, anaké Réhob, sing mréntah
ing Zoba, tanah krajan cedhak
Damsyik. Ing wektu semono Hadadèzèr
lagi nglurug perang arep mulihaké
pangwasané ing wilayah sacedhaké
sumberé Bengawan Éfrat.

4 Wadyabalané Hadadèzèr sing ditawan
Raja Dawud yakuwi: prejurit jaranan
1.700, lan prejurit dharatan 20.000.
Dawud nisihaké jaran sing cukup kanggo
kréta satus, déné liyané sikilé digawé
cacad.
5 Nalika wong Siria saka Damsyik
ngirimaké wadyabala kanggo nulungi
Raja Hadadèzèr, wadyabala mau iya
kalah, lan sing mati 22.000.
6 Dawud banjur ngedegaké kémah-
kémah wadyabala ing sajroning
wilayahé, déné wong-wong mau
didadèkaké rakyaté sarta didhawuhi
mbayar pajeg. Gusti Allah maringi
kaunggulan marang Dawud ing ngendi
waé enggoné perang.
7 Tamèng emas sing dienggo déning
wadyabalané Hadadèzèr dirampas lan
digawa menyang Yérusalèm.
8 Kejaba kuwi Dawud uga ngrampas
tembaga saka Betah lan Berotai, yakuwi
kutha-kutha sing mauné dikwasani
déning Hadadèzèr.
9 Raja Tou saka Hamat krungu yèn
Raja Dawud wis ngalahaké wadyabalané
Hadadèzèr kabèh.

10 Tou banjur utusan Yoram, putrané,
prelu ngaturaké salam marang Raja
Dawud sarta rasa bungahing atiné,
merga enggoné olèh kaunggulan
mau, sebab wis suwé enggoné Tou
memungsuhan karo Hadadèzèr. Yoram
iya ngaturaké pisungsung rupa emas,
slaka lan tembaga.
11 Pisungsung mau lan sapéranganė
barang rampasan saka Hadadèzèr,
dipisungsungaké déning Raja Dawud
marang Allah kanggo kapreluan
pangibadah. Bareng karo pisungsung
mau Dawud iya nyaosaké barang-barang
rupa slaka lan emas rampasan saka
bangsa-bangsa sing wis ditelukaké,
yaiku bangsa-bangsa: Édom, Moab,
Amon, Filistia lan Amalèk.
12 (8:11)
13 Raja Dawud asmané saya kondhang,
awit wis mejahi wong Édom ing tanah
ngaré Uyah, cacahé wolulas èwu.
14 Panjenenganė ngedegaké kémah
tawanan wadyabala ing sawilayah
Édom kabèh; déné wong-wong Édom
padha dadi baturé. Gusti Allah maringi
kaunggulan marang Raja Dawud sajroné
peprangan ing ngendi waé.

15 Mengkono mau enggoné Raja Dawud
mréntah tanah Israèl kabèh sarta
ngreksa supaya rakyaté tansah krasa
dierèh kanthi adil lan becik.
16 Yaiki para penggedhé sing diangkat
déning Raja Dawud: Sing dadi
sénapatining perang: Yoab, anaké
Zeruya. Sing dadi sèkretarising kraton:
Yosafat, anaké Ahilud. Sing dadi
imam agung: Zadok, anaké Ahitub lan
Akhimèlèkh, anaké Abyatar. Sing dadi
sèkretaris negara: Seraya.
17 (8:16)
18 Sing dadi pengawal raja: Benaya,
anaké Yoyada. Sing dadi imam ing
sajroné kraton: putra-putrané Dawud
piyambak.
9 1 Ing sawijining dina Dawud ndangu,
"Kulawargané Saul apa isih ana sing
urip? Yèn ana, merga saka Yonatan, aku
kepéngin mbeciki wong mau."
2 Brayaté Saul duwé réwang sing
jenengé Ziba, lan didhawuhi sowan Raja
Dawud. Raja ndangu, "Apa kowé kuwi
Ziba?" Unjuké, "Inggih, Sang Prabu."
3 Raja Dawud banjur ndangu menèh,
"Kulawargané Saul apa isih ana sing
urip? Aku kepéngin gawé becik karo

wong kuwi, kaya sing wis dakjanjèkaké marang Gusti Allah." Ziba matur, "Taksih wonten setunggal, putranipun Yonatan. Tiyangipun pincang."
4 "Saiki ana ing ngendi?," pendanguné Raja Dawud. "Wonten ing Lodebar, ing griyanipun Makir anakipun Amièl," aturé Ziba.
5 Raja Dawud banjur utusan nimbali putrané Yonatan mau.
6 Anaké Yonatan kuwi jenengé Méfibosèt. Nalika dhèwèké teka, banjur sujud ngurmati Raja Dawud. Raja Dawud banjur ngandika, "Méfibosèt." Aturé Méfibosèt, "Nuwun, Sang Prabu."
7 Ngandikané Sang Prabu, "Aja wedi. Merga saka Yonatan aku bakal mbeciki kowé. Palemahané Saul, éyangmu, bakal dakbalèkaké marang kowé lan selawasé kowé bakal mangan bebarengan karo aku."
8 Méfibosèt sujud menèh lan matur, "Kula menika babar-pisan mboten wonten ajinipun! Menapa sebabipun panjenengan saé sanget dhateng kula?"
9 Raja Dawud banjur nimbali Ziba, réwangé Saul mau, sarta dingandikani, "Warisané Saul lan warisané brayaté

kabèh dakwènèhaké marangMéfibosèt
wayahé bendaramu iki.
10 Kowé lan anak-anakmu sarta para
abdi kudu nggarap palemahan kuwi
kanggo brayaté bendaramu, déné
pametuné aturna kanggo nyukupi
kebutuhané dhaharé. Nanging Méfibosèt
bakal mangan bebarengan karo aku."
(Ziba duwé anak lanang limalas lan
batur rong puluh.)
11 Aturé Ziba marang Raja Dawud,
"Sedaya dhawuh panjenengan badhé
kula tindakaken." Dadiné Méfibosèt
mangan ana ing kraton, kaya déné
putrané Raja Dawud dhéwé.
12 Méfibosèt duwé anak jenengé
Mikha. Brayaté Ziba kabèh dadi baturé
Méfibosèt.
13 Kanthi mengkono Méfibosèt sing
cacad sikilé loro pisan kuwi manggon ing
Yérusalèm lan tansah mangan ana ing
kraton.

10 1 Sawisé sawetara wektu Raja
Nahas saka Amon tilar-donya lan
Hanun, putrané, dadi raja.
2 Raja Dawud banjur dhawuh, "Aku arep
memitran karo Hanun kaya déné Nahas
enggoné memitran karo aku." Dawud

banjur utusan menyang negara Amon
kadhawuhan ngaturaké béla sungkawa.
3 Nanging para penggedhéné negara
Amon padha matur marang Raja
Hanun, "Menapa panjenengan nginten,
bilih enggènipun Dawud tumut béla
sungkawa menika kanggé ngurmati
bapak panjenengan? Temtu mboten!
Tiyang-tiyang menika dipun utus mriki
prelu nliti kitha menika, temtu mbénjing
badhé dipun telukaken."
4 Para utusané Dawud banjur padha
dicekel déning Hanun; jénggoté dicukur
separo, sandhangané padha dikethok
wates bokong, sawisé mengkono banjur
padha dikon lunga.
5 Nanging wong-wong mau padha isin
mulih menyang negarané. Sawisé Raja
Dawud dikabari kedadéan mau, banjur
ngirimaké welingan supaya para utusan
mau padha ngentèni ing Yérikho nganti
jénggoté wis thukul menèh.
6 Bareng wong Amon padha krasa, yèn
saiki Dawud dadi mungsuhé, banjur
nyéwa prejurit Siria rong puluh èwu sing
manggon ana ing Bèt-Réhob lan Zoba,
semono uga prejurit rolas èwu saka Tob,

sarta saka raja negara Maaka prejurit
sèwu.
7 Bareng Dawud pirsa bab kuwi, banjur
utusan Yoab lan prejuriteé kabèh supaya
nglurugi perang marang Amon.
8 Wong-wong Amon padha baris metu
lan ngatur barisané ing sangareping
gapura Raba, déné liyané, wong-wong
Siria, mengkono uga wong saka Tob
lan Maaka, padha ngatur barisané ing
ara-ara.
9 Bareng Yoab ngerti, yèn dhèwèké
kejepit déning prejurité mungsuh, sing
padha ana ing ngarep lan ing mburi,
banjur milihi prejurité sing becik ing
Israèl, diatur supaya ngadhepi prejurit
Siria.
10 Turahané dipasrahaké marang
adhiné, yakuwi Abisai, sing ngatur
barisan ngadhepi prejurit Amon.
11 Yoab kandha karo adhiné mau, "Yèn
aku ora kuwat ngadhepi prejurit Siria,
énggal-énggal tulungana; kosokbaliné,
yèn kowé ora kuwat ngadhepi prejurit
Amon, mesthi daktulungi.
12 Sing tatag atimu! Ayo padha
tumindak kanggo bangsa kita lan kutha-

kuthané Allah kita. Muga-muga Gusti
Allah nindakaké apa sing dikersakaké."
13 Yoab lan para prejurité banjur padha
maju perang; lan prejurit Siria padha
keplayu.
14 Bareng wong-wong Amon padha
weruh, yèn prejurit Siria padha keplayu,
banjur iya padha mlayu saka ing ngarepé
Abisai lan mundur menyang sajroning
kutha. Sawisé merangi wong Amon,
Yoab mulih menyang Yérusalèm.
15 Wong-wong Siria padha weruh, yèn
wis padha dikalahaké déning wong
Israèl, mulané banjur padha ngundangi
prejurité kabèh, supaya padha kumpul
menèh.
16 Raja Hadadèzèr banjur utusan
nimbali wong Siria sing ana ing sawétané
Bengawan Éfrat. Satekané ing Helam,
banjur dipimpin déning Sobakh,
sénapatiné Raja Hadadèzèr.
17 Bareng pirsa bab iku Raja Dawud
banjur énggal-énggal nglumpukaké
wadyabala Israèl kabèh ana ing
sabranganè Kali Yardèn, terus maju
menyang Helam. Ing kono wong-wong
Siria padha ngatur barisané, banjur

campuh perang karo wadyabalané Raja
Dawud.
18 Nanging prejurit Siria padha keplayu.
Dawud lan para prejurité matèni
kusiring kréta perang cacahé 700
lan matèni prejurit jaranan 40.000;
kejaba saka kuwi Sobakh, sénapatining
mungsuh, uga ketaton temah iya mati
ing peprangan.
19 Bareng para raja sing dibawahaké
Hadadèzèr padha weruh yèn kalah, nuli
padha njaluk damé lan teluk karo wong
Israèl. Wiwit wektu kuwi wong Siria ora
wani mbiyantu wong Amon menèh.
11 1 Para raja lumrahé padha nglurug
perang ing mangsa semi. Déné
ing mangsa semi taun kuwi, Raja Dawud
utusan Yoab nglurug perang bebarengan
karo para jéndral lan para prejurit
Israèl kabèh. Wong-wong mau padha
ngalahaké wong Amon sarta ngepung
kutha Raba. Nanging Raja Dawud dhéwé
kèri ana ing Yérusalèm.
2 Ing wayah soré, nalika Raja Dawud
wungu saré, minggah ing payoning
kraton. Saka ing kono pirsa wong wadon
sing lagi adus, lan wong wadon mau ayu
banget.

3 Dawud banjur utusan nakokaké, wong
kuwi sapa. Utusan matur, yèn wong
wadon mau Bètsyéba, bapakné jenengé
Éliam sarta bojoné Uria, wong Hèt.
4 Dawud utusan methuk wong wadon
mau, lan sawisé tekan ing kraton,
ditunggil saré. (Bètsyéba lagi waé
rampung enggoné sesuci sawisé
wulanan.) Bètsyéba banjur mulih;
5 ora let suwé krasa yèn ngandheg,
mula banjur ngaturi kabar marang Raja
Dawud.
6 Raja Dawud banjur énggal-énggal
utusan nglantaraké dhawuh marang
Yoab, "Uria, wong Hèt kuwi konen mulih
sowan aku." Yoab banjur akon Uria
supaya sowan Raja Dawud.
7 Bareng Uria wis sowan, Uria didangu
bab keslametané Yoab lan para prejurit
Israèl, sarta kepriyé enggoné padha
perang.
8 Dawud banjur dhawuh marang Uria,
"Muliha menyang omahmu sarta ngasoa
sedhéla!" Bareng Uria metu saka
kraton, Raja Dawud ngirimaké peparing
menyang omahé Uria mau.

9 Uria ora mulih, nanging turu
ing sangarepé gapuraning kraton,
bebarengan karo wong jaga.
10 Raja Dawud dicaosi pirsa prekara
mau. Mulané banjur ndangu marang
Uria, "Kowé lagi waé bali saka lelungan
adoh, yagéné ora mulih menyang
omahmu?"
11 Aturé Uria, "Prejurit Israèl saha
prejurit Yéhuda saweg majeng perang,
sarta Pethi Prejanjianipun Allah nyarengi
tiyang-tiyang menika. Sénapati Yoab
saha para pengageng sami saré ing
kémah, wonten ing ara-ara. Menapa
inggih kula lajeng mantuk, nedha,
ngombé sarta tilem kaliyan sémah kula?
Demi sugeng saha nyawa panjenengan,
kula mboten badhé nindakaken prekawis
menika."
12 Dawud dhawuh menèh, "Ya wis,
lèrèna ing kéné sedina menèh lan
sésuk-ésuk kowé bakal daklilani lunga."
Dadiné Uria ana ing Yérusalèm sedina
menèh. Ésuké Uria ditimbali mangan
bebarengan karo Raja Dawud.
13 Uria banjur mangan lan ngombé
nganti mendem, nanging ing bengi kuwi
Uria tetep ora mulih menyang omahé,

nanging turu amor karo prejurit sing
jaga kraton.
14 Ésuké Raja Dawud nulis layang
marang Yoab, dikirimaké lantaran Uria.
15 Isiné mengkéné, "Uria prenahna
ana ing cucuking baris, ing peprangan
sing gawat, banjur mundura, karebèn
dhèwèké tiwas."
16 Nalika Yoab ngepung kutha mau, Uria
dipréntah lunga menyang papan sing
kira-kira dijaga kuwat déning mungsuh.
17 Bareng prejurité mungsuh padha
metu saka kutha sarta nyerang prejurité
Yoab, ana prejurité Dawud sawetara sing
mati, mengkono uga Uria.
18 Yoab banjur utusan wong ngaturi
pirsa marang Raja Dawud bab lakuning
peprangan.
19 Préntahé marang kongkonan mau,
"Sawisé Sang Prabu pirsa laporanmu bab
tumindaké peprangan iki,
20 bisa uga dadi duka lan ndangu
marang kowé, ‘Yagéné kowé padha
cedhak banget karo kutha kuwi? Kowé
rak padha weruh, yèn mungsuh mesthi
bakal manah saka sandhuwuré témbok?
21 Apa kowé wis padha lali, kepriyé
enggoné Abimèlèh, anaké Gidéon, mati

ing Tèbès? Dhèwèké rak mati merga ana wong wadon sing nguncalaké watu gilingan glepung marang dhèwèké saka ing sandhuwuring témbok? Lha, ta géné kowé padha cedhak banget karo témbok kuwi?’ Yèn Sang Prabu ndangu mengkono, matura, ‘Uria, salah setunggaling prejurit panjenengan ugi tiwas!’"
22 Kongkonan mau banjur sowan Raja Dawud sarta ngabaraké apa sing dipréntahaké Yoab.
23 Utusan mau matur, "Mengsah kula langkung kiyat saha medal saking kitha lajeng nyerang kula sedaya wonten ing ara-ara. Nanging lajeng kula dhesek mundur wangsul dumugi ing gapuraning kitha.
24 Lajeng saking sanginggiling témbok tiyang-tiyang menika sami manahi kula sedaya. Wonten sawetawis prejurit panjenengan ingkang tiwas, klebet Uria."
25 Dawud dhawuh marang kongkonan mau, "Matura marang Yoab, dikon teteg, sarta aja nganti cilik atiné, sebab ora bisa ditemtokaké sadurungé, sapa sing bakal mati ana ing peprangan. Kandhakna supaya dhèwèké saya

mempeng perangé, nganti kutha mau
teluk."
26 Nalika Bètsyéba krungu, yèn bojoné
wis mati, banjur ditangisi.
27 Bareng wis tutug wektuné, Raja
Dawud utusan methuk wong wadon
mau, didhawuhi nggawa menyang kraton
lan digarwa. Ora antara suwé banjur
nglairaké anak lanang. Nanging Gusti
Allah ora rena karo tumindaké Dawud
sing mengkono mau.

12 1 Sawisé lelakon mau, Gusti
Allah utusan Nabi Natan sowan
Raja Dawud. Nabi Natan banjur
sowan lan matur, "Wonten tiyang kalih
nunggil kitha; ingkang setunggal sugih,
setunggalipun miskin.
2 Ingkang sugih gadhah lembu saha
ménda gèmbèl kathah,
3 déné ingkang miskin namung gadhah
cempé setunggal, enggènipun tumbas.
Cempé wau dipun opèni ngantos dados
ageng, dipun kandhang ing griyanipun
sesarengan kaliyan anak-anakipun.
Cempé menika tumut nedha sareng
kaliyan tiyang menika, ngombé saking
cangkiripun lan tilem ing pangkonipun,

cekakipun, kados anakipun èstri
piyambak.
4 Ing setunggaling dinten tiyang ingkang
sugih wau kedhatengan tamu. Nanging
mboten purun mragat méndanipun utawi
lembunipun piyambak, kanggé nyegah
tamunipun. Malah lajeng mendhet
cempénipun tiyang ingkang miskin wau,
dipun masak kanggé tamunipun."
5 Mireng aturé Nabi Natan mengkono
mau Dawud banjur muntab dukané
marang wong sing sugih, ngandikané,
"Siya-siya banget wong sing tumindak
mengkono kuwi!
6 Wong sing sugih kuwi kudu ngijoli
cempé mau tikel ping papat, banjur
diukum pati!"
7 Tembungé Nabi Natan marang
Dawud, "Tiyang menika inggih Sang
Prabu piyambak! Ingkang dipun
ngandikakaken Gusti, Allahipun Israèl
mekaten, ‘Kowé wis Dakdadèkaké
rajaning bangsa Israèl lan Dakuwalaké
saka tanganè Saul.
8 Tanah krajan sarta bojoné Saul wis
Dakparingaké marang kowé, malah
kowé Dakdadèkaké raja mengku tanah
Israèl lan Yéhuda. Upamané kuwi durung

cukup, mesthi kowé bakal Dakparingi
semono menèh.
9 Yagéné kowé nyingkur dhawuh-
Ku? Yagéné kowé tumindak sing
mengkono? Kowé mréntah matèni Uria
ing peprangan. Enggonmu matèni srana
gegamaning wong Amon, sarta bojoné
kokpèk.
10 Merga kowé ora mbangun-turut lan
ngepèk bojoné Uria, saben sakturunan
mesthi ana turunmu sing bakal dipatèni.
11 Aku janji bakal nekakaké kasangsaran
tumrap kowé, lan bakal kelakon ana
ing brayatmu dhéwé. Aku bakal njupuki
bojomu lan Dakparingaké marang wong
liya, sing bakal nuroni ing wayah awan.
12 Kowé wis tumindak dosa kanthi
sesidheman, kosokbaliné Aku bakal
nindakaké paukuman-Ku kanthi terang-
terangan ing sangareping bangsa
Israèl.’"
13 Pangandikané Dawud marang Nabi
Natan, "Kula sampun damel dosa
dhateng Gusti Allah." Wangsulané Nabi
Natan, "Gusti Allah sampun maringi
pangapunten; mila panjenengan mboten
badhé séda.

14 Nanging mergi panjenengan sampun
ngrèmèhaken Gusti Allah kanthi
tumindak mekaten menika, putra
panjenengan ingkang nembé lair badhé
tilar."
15 Sawisé kuwi Nabi Natan banjur mulih
ing omahé. Putrané Raja Dawud sing lair
saka Bètsyéba, randhané Uria, nandhang
lara saka Gusti Allah.
16 Dawud banjur ndedonga supaya
anaké bisa waras, dikanthèni pasa lan
saben bengi saré ana ing jogané kamaré.
17 Para penggedhéné kraton padha
sowan lan nyuwun supaya wungu
enggoné ana ing jogan, nanging Dawud
ora kersa lan iya ora kersa dhahar
bebarengan karo wong-wong mau.
18 Bareng wis seminggu bocah mau
tilar-donya, nanging wong-wong mau
padha ora wani matur. Rerasanané,
"Nalika bocah kuwi isih urip, Sang Prabu
ora kersa ngandika, apa menèh saiki,
sawisé putrané ora ana! Mengko gèk
Sang Prabu malah tumindak nékad!"
19 Bareng Raja Dawud pirsa para
kawulané padha pating klesik, ngira, yèn
bocahé wis mati. Banjur ndangu marang
wong-wong mau, "Apa bener bocahé wis

mati?" "Leres, Sang Prabu," wangsulané wong-wong mau.
20 Raja Dawud banjur wungu saka jogan, siram, jebadan, sarta santun busana, sarta ngabekti ing Pedalemané Allah. Sawisé mengkono banjur kondur menyang kraton, mundhut diladosi, banjur dhahar.
21 Bareng para abdiné weruh, banjur padha matur, "Kula mboten mangertos. Nalika laré menika taksih gesang, Sang Prabu siyam saha muwun, nanging sasampunipun laré menika tilar, Sang Prabu jumeneng saha dhahar!"
22 "Ya," wangsulané Dawud, "Pancèn aku pasa lan nangis nalika bocahé iku isih urip, sebab gagasanku: bisa uga Gusti Allah bakal welas marang aku lan bocahé diparingi urip.
23 Nanging saiki, sawisé mati, apa gunané aku pasa terus? Apa aku bisa nguripaké bocah mau menèh? Mbésuk aku bakal lunga menyang panggonané bocah kuwi, nanging bocahé ora bakal bali menyang panggonanku."
24 Dawud banjur nglipur atiné Bètsyéba, nuli saré bebarengan. Bètsyéba banjur nglairaké anak lanang sing dijenengaké

Suléman. Gusti Allah tresna marang
bocah mau,
25 lan ndhawuhi Nabi Natan njenengaké
bocah mau Yedija, merga Gusti Allah
nresnani.
26 Ing wektu semana Yoab isih
nggempur Raba, yakuwi kuthané negara
Amon, sarta kutha mau wis mèh karebut.
27 Banjur utusan sowan Raja Dawud
sarta nglapuraké, "Kula sampun nyerang
Raba, saha ngrebat tandhonipun toya.
28 Samenika Sang Prabu mugi kersa
nglempakaken wadyabala Israèl ingkang
kantun, lajeng mimpin serangan
kanggé nelukaken kitha menika. Kanthi
mekaten, mboten wonten tiyang ingkang
nyariyosaken bilih kula ingkang ngrebat
kitha menika."
29 Dawud ngumpulaké prejuritè kabèh,
nglurug menyang Raba, banjur nyerang
kutha mau sarta ditelukaké.
30 Dawud mundhut makuthané raja
Raba sarta diagem ing mestakané
dhéwé. Boboté makutha mau kira-kira
ana 35 kilogram, ditrètès sesotya
éndah. Raja Dawud iya mundhut barang
rampasan akèh banget saka kutha mau.

31 Kejaba kuwi wongé padha diboyong,
lan dikon nggawa graji, pacul lan
wadung sarta dikon nyambut-gawé ing
panggonan gawé bata. Mengkono mau
iya ditindakaké ing kutha-kutha ing
negara Amon liyané. Sawisé mengkono
Dawud lan prejuritė kabèh padha bali
menyang Yérusalèm.

13 1 Absalom, putrané Dawud, duwé
adhi wadon ayu rupané, jenengé
Tamar. Amnon, putrané Dawud saka
garwa liya, tresna marang Tamar
2 lan kepéngin laku sérong karo
dhèwèké. Nanging bab kuwi mokal
kelakoné, merga Tamar isih prawan lan
ora kena sapaturon karo wong lanang.
Amnon saka enggoné mikir nganti lara.
3 Amnon duwé tepungan sing julig,
jenengé Yonadab, anaké Syama
kakangné Dawud.
4 Yonadab matur marang Amnon,
"Pangéran, menapa sebabipun
panjenengan saben dinten ketingal
sedhih sanget? Wonten menapa?"
Wangsulané, "Kula menika kepéncut
kaliyan Tamar, adhinipun Absalom
sedhèrèk kula."

5 Yonadab banjur matur, "Kula aturi
saréan ing tempat tidur, kados-kados
saweg gerah. Menawi kang rama rawuh
nuwèni, matur kémawon, ‘Rama, mugi
nglilani Tamar masak tedha kanggé kula
ing ngriki. Menawi kula saged ningali
piyambakipun masak ing ngriki, kula
badhé nedha saking tanganipun.’"
6 Amnon banjur nggléthak ing peturon,
kaya-kaya lagi lara. Bareng dituwèni
Raja Dawud, Amnon matur marang Sang
Raja, "Rama, mugi panjenengan lilani
Tamar mriki masak roti, supados kula
saged kepanggih lan kula badhé nedha
saking tanganipun."
7 Dawud banjur melingaké Tamar ing
kraton, "Lungaa menyang ing omahé
sedulurmu Amnon, sarta gawéa roti
kanggo dhèwèké."
8 Tamar banjur lunga mrana lan ketemu
Amnon lagi turon ing peturon. Tamar
njupuk jladrèn sethithik, ana ing ngarepé
Amnon, banjur ngratengi roti arep
dipanggang.
9 Sabanjuré roti disuntak saka ing panci
sarta diladèkaké. Nanging Amnon ora
gelem mangan. Dhèwèké banjur kandha,
"Padha metua saka ing kéné!"

10 Sawisé kabèh padha metu saka
kamar, Amnon kandha karo Tamar, "Roti
kuwi gawanen mréné, ing peturonku, lan
aku dulangen!" Tamar manut.
11 Nanging bareng lagi ngulungaké roti,
Amnon nyekel bocah mau karo kandha,
"Turua karo aku!"
12 "Sampun!" wangsulané prawan
mau, "Kula sampun sampéyan peksa
nindakaken prekawis ingkang nistha
menika! Bab menika babar-pisan mboten
kelampahan wonten ing Israèl.
13 Menawi menika kelampahan, enggèn
kula ndhelikakaken rai kula wonten
ing pundi? Kaliyan malih, sampéyan
piyambak badhé kewirangan wonten
ing Israèl. Saénipun sampéyan matur
dhateng sang raja, panjenenganipun
temtu badhé setuju kula dados sémah
sampéyan."
14 Nanging Amnon ora maèlu; merga
luwih rosa, adhiné mau dipeksa nuruti
karepé.
15 Nanging sawisé kuwi Amnon sengit
banget marang Tamar, ora imbang karo
kasmarané mauné. Mula banjur kandha
marang adhiné mau, "Metua!"

16 Wangsulané Tamar, "Sampun
mekaten! Menawi kula dipun tundhung,
piawon menika langkung ageng
ketimbang ingkang sampun sampéyan
lampahi tumrap kula wau!" Nanging
Amnon ora gelem ngrungokaké,
17 malah banjur ngundang abdiné,
tembungé, "Wong iki gawanen metu, lan
kuncinen lawangé!"
18 Abdiné nindakaké préntah mau.
Déné Tamar nganggo klambi kurung sing
lengené dawa. Dhèk semana putri-putri
kedhaton sing isih prawan lumrahé
nganggo sandhangan kaya mengkono
kuwi.
19 Tamar banjur ngewur-ewuraké awu
ing sirahé, sarta nyuwèk klambiné, lan
lunga karo nutupi rainé nganggo tangané
loro pisan, sarta nangis.
20 Bareng Absalom weruh, banjur
takon, "Apa Amnon mau meksa kowé
sapaturon karo dhèwèké? Wis ta,
adhiku, aja kokpikir menèh. Wong kuwi
kakangmu dhéwé, dadi prekara iki aja
kokkandhakaké karo sapa waé!" Tamar
banjur ndhelik ana ing omahé Absalom,
atiné susah banget sarta kijènan.

21 Midhanget kedadéan mau, Raja
Dawud duka banget.
22 Absalom ngendhem sengit marang
Amnon lan ora gelem caturan karo
dhèwèké, merga wis ngrodha-peksa
Tamar, adhiné.
23 Kacrita sawisé genep rong taun,
Absalom nganakaké kraméan mbathili
wedhus-wedhusé ana ing Baal Hazor,
sacedhaké kutha Éfraim. Absalom
ngulemi para putrané sang prabu kabèh.
24 Iya sowan Raja Dawud lan matur,
"Rama, kula badhé ngawontenaken
kraméan nggunting wulu ménda gèmbèl.
Mugi Rama kersa ngrawuhi, kaliyan para
pengagenging kraton."
25 Nanging Raja Dawud paring
wangsulan, "Aja anakku, sebab yèn
aku kabèh padha teka, bakal gawé
susahmu." Absalom nggujek nyuwun
rawuhé, nanging ramané tetep ora
kersa; mung maringi pangèstu waé.
26 Absalom banjur matur, "Menawi
mekaten, mugi panjenengan lilani
sedhèrèk kula Amnon tumut kaliyan
kula sedaya." Ngandikané Raja Dawud,
"Dhèwèké ora prelu mèlu."

27 Nanging merga Absalom tetep nggujek, wusanané Raja Dawud nglilani Amnon lan para putra liyané padha mèlu. (Absalom banjur ngladèkaké panganan sing sarwa énak banget.)[d]
28 Absalom préntah marang para baturé, "Padha diawas, yèn Amnon wis mendem merga ngombé anggur, aku bakal mènèhi aba, nuli Amnon patènana. Aja padha wedi. Aku sing tanggung jawab prekara iki. Sing kendel waé, aja mangu-mangu!"
29 Batur-batur mau padha nindakaké préntahé Absalom lan matèni Amnon. Bareng para putrané Dawud meruhi lelakon mau, banjur padha énggal-énggal nunggang bihalé dhéwé-dhéwé sarta lolos.
30 Nalika isih ana ing dalan, Raja Dawud wis dicaosi kabar, "Absalom sampun mejahi sedaya putra panjenengan, mboten wonten setunggal kémawon ingkang taksih gesang!"
31 Sang raja banjur jumeneng, nyuwèk agemané merga saka susahé, lan

---

[d](Absalom banjur...banget.): Tembung-tembung menika mboten wonten ing Kitab Suci Ibrani, nanging saking basa Yunani.

ambruk ing jogan. Abdiné kabèh mèlu
nyuwèk sandhangané.
32 Nanging Yonadab, anaké Syama,
kakangné Dawud, matur, "Sang Prabu,
sampun kuwatos saha sampun nginten,
bilih sedaya putra panjenengan tiwas.
Namung Amnon piyambak. Sebab
sampun ketawis wonten ing ulatipun
Absalom, wiwit Tamar, adhinipun, dipun
rodha-peksa déning Amnon.
33 Dados sampun pitados, bilih
putra panjenengan tiwas sedaya,
sebab ingkang tiwas namung Amnon
piyambak."
34 Dhèk semana Absalom wis lolos.
Sing jaga kratoné Raja Dawud padha
weruh wong akèh mudhun saka gunung,
penereé dalan saka Héronaim. Banjur
padha sowan lan nglapurakè marang
sang raja.
35 Yonadab banjur matur, "Menika
putra-putra panjenengan! Cocog kados
ingkang kula aturaken kala wau."
36 Lagi waé rampung enggoné matur,
para putrané Dawud padha mlebu.
Kabèh banjur padha nangis kanthi
sedhih.

37 Absalom ngungsi menyang kratoné
Raja Gésur, yakuwi Talmai anaké Amihur.
Enggoné manggon ing kana suwéné
telung taun. Raja Dawud suwé nandhang
susah merga saka Amnon,
38 (13:37)
39 nanging sawisé kalipur, banjur
kangen banget marang Absalom.
14 1 Yoab ngerti, yèn Raja Dawud
kangen banget karo Absalom,
2 mulané kongkonan methuk wong
wadon sing pinter, sing manggon ing
Tekoa. Bareng wong wadon mau wis
teka, Yoab kandha, "Kowé kudu éthok-
éthok susah; nganggoa sandhangan
susah, sarta aja nganggo lenga wangi.
Caramu kaya déné wong sing wis suwé
nangisi wong sing ditresnani.
3 Banjur sowana sang raja sarta aturna
apa sing dakkandhakaké iki." Yoab
banjur ngandhakaké apa sing kudu
diaturaké.
4 Wong wadon mau sowan sang raja,
sarta sujud nyembah lan matur, "Dhuh
Sang Prabu, mugi kersaa nulungi
kawula!"
5 "Ana apa?" pendanguné Raja Dawud.
Wong wadon mau matur, "Kawula

menika randha ingkang mlarat. Sémah
kawula sampun tilar-donya.
6 Kawula gadhah anak jaler kalih, lan
ing setunggaling dinten laré menika sami
paben ing ara-ara. Mergi mboten wonten
tiyang ingkang misah, ingkang setunggal
mejahi sedhèrèkipun.
7 Lan samenika, sedaya sanak-kadang
kawula sengit dhateng kawula saha
nggugat supados kawula masrahaken
anak kawula dhateng tiyang-tiyang
menika, badhé dipun pejahi, mergi
piyambakipun sampun mejahi
sedhèrèkipun. Menawi kelampahan,
kawula badhé kijènan, tanpa anak
setunggal-tunggala. Tiyang-tiyang
menika badhé numpes pengajeng-ajeng
kawula ingkang kantun setunggal
menika, mangka sémah kawula mboten
nilar anak jaler ingkang nerusaken
turunipun."
8 "Muliha!" dhawuhé Sang Raja, "Aku
bakal ngurus prekara iki."
9 "Sang Prabu," aturé wong wadon mau,
"Menapa kémawon ingkang panjenengan
tindakaken, kawula saha brayat kawula
ingkang badhé nanggel kalepatanipun.

Sang Prabu saha kulawarganipun
mboten kalepatan."
10 Dhawuh wangsulané, "Yèn ana sing
ngukum kowé, jaken mréné ketemu aku,
mesthi dhèwèké ora bakal ngganggu
kowé menèh."
11 Aturé wong wadon, "Mugi
panjenengan kersa ndedonga dhateng
Allah panjenengan, supados tiyang
ingkang badhé males ukum pejahipun
laré kawula menika sampun ngantos
nindakaken piawon ingkang langkung
ageng malih kanthi mejahi laré kawula
setunggalipun." Ngandikané Dawud,
"Demi Gusti Allah sing gesang, anakmu
babar-pisan ora bakal diganggu gawé."
12 Wong wadon mau banjur matur,
"Mugi kelilana kawula matur sekedhik
malih." "Iya becik," dhawuhé sang raja.
13 Aturé wong wadon mau, "Kanthi
pangandika menika panjenengan
sampun ngakeni, bilih panjenengan
piyambak kagungan kalepatan mergi
mboten nglilani putra panjenengan
kondur saking pangungsèn. Menapa
sebabipun panjenengan nindakaken
kalepatan ingkang kados mekaten
tumrap umatipun Gusti Allah?

14 Kita sedaya badhé pejah; saupami kita menika toya ingkang wutah ing siti, mboten saged dipun wangsulaken malih. Gusti Allah mboten badhé maringi gesang dhateng tiyang ingkang sampun pejah. Dados mugi Sang Prabu kersa mbudi daya, supados tiyang bucalan menika saged wangsul malih.
15 Kawula sowan Sang Prabu, mergi kawula dipun ancam tiyang. Kawula lajeng nggagas, saénipun kawula matur Sang Prabu kanthi pengajeng-ajeng panyuwun kawula menika badhé dipun jurungi.
16 Kawula nginten panjenengan badhé midhangetaken saha milujengaken kawula saking ancamanipun tiyang ingkang badhé mejahi kawula saha anak kawula. Tiyang-tiyang menika kepéngin nyingkiraken kawula saking tanah ingkang dipun paringaken déning Allah dhateng umatipun.
17 Kawula pitados, bilih janji panjenengan badhé ndadosaken wilujeng kawula, sebab Sang Prabu menika kados malaékating Allah, ingkang saged mbédakaken pundi

ingkang saé lan pundi ingkang awon.
Mugi Allah nunggil kaliyan panjenengan!"
18 Wangsulané Sang Raja, "Ana
saprekara sing arep daktakokaké
marang kowé, wangsulana kanthi jujur."
"Kula aturi ngandika," aturé wong
wadon.
19 Pangandikané Sang Raja, "Sing
kongkonan kowé kuwi apa Yoab?"
Aturé wong wadon mau, "Demi nyawa
panjenengan, kawula mboten badhé
saged nyélaki pendangon panjenengan.
Pancèn saèstu, Yoab sampun maringi
sumerep dhateng kawula, menapa
ingkang kedah kawula lampahi saha
kawula aturaken.
20 Nanging piyambakipun tumindak
mekaten wau kanggé ngrampungaken
prekawis menika kanthi saé. Sang Prabu
menika wicaksana kados malaékating
Allah, saged nginten menapa kémawon
ingkang kelampahan."
21 Raja Dawud banjur nimbali Yoab
lan ngandika, "Pepénginanmu bakal
dakleksanani. Pethuken lan ejaken
mréné."
22 Yoab sujud ing ngarepé Raja Dawud,
banjur matur, "Gusti Allah mberkahana

panjenengan! Samenika kula mangertos
bilih panjenengan tresna dhateng kula,
mergi sampun njurungi panyuwun kula."
23 Yoab banjur mangkat menyang Gésur
lan methuk Absalom bali menyang
Yérusalèm.
24 Nanging ora dililani njujug kraton.
"Aku emoh weruh dhèwèké," dhawuhé
Raja Dawud. Dadi Absalom mulih
menyang omahé dhéwé, lan ora sowan
sang raja.
25 Absalom dielem, yèn dhèwèké kuwi
wong sing nggantheng dhéwé sak Israèl
kabèh. Ora ana wong sing ngungkuli
ngganthengé. Wiwit saka tlapakané
nganti tekan ing mbun-mbunan ora ana
cacadé.
26 Rambuté ketel banget, lan saben
taun kepeksa digunting, sebab kedawan
sarta kaboten. Rambut sing dikethok
waé boboté rong kilogram luwih, manut
timbangan kraton.
27 Absalom duwé anak lanang telu
lan anak wadon siji sing ayu banget,
jenengé Tamar.
28 Wis rong taun Absalom manggon
ing Yérusalèm, sarta durung tau séba
marang ngarsané Sang Raja.

29 Mulané ing sawijining dina Absalom
ngundang Yoab, dikon sowan Raja
Dawud, nanging Yoab ora gelem teka.
Absalom ngundang sepisan engkas,
nanging Yoab tetep ora gelem teka.
30 Absalom banjur kandha karo baturé,
"Kowé padha weruh, yèn tegalé Yoab
sandhing tegalku, sing ditanduri
juwawut. Lungaa, tegal kuwi obongen."
Wong-wong mau banjur lunga, ngobong
tegalé.
31 Yoab banjur menyang omahé
Absalom sarta takon, "Menapa
sebabipun déné abdi sampéyan sami
mbesmi tegal kula?"
32 Wangsulané Absalom, "Sebabipun,
nalika kula undang, sampéyan mboten
purun dhateng. Kula badhé kèngkènan
sampéyan séba ing ngarsanipun Sang
Raja sarta nyuwun pirsa, ‘Menapa
ginanipun kula késah saking Gésur
lajeng mriki? Langkung saé menawi kula
tetep manggèn wonten ing ngrika.’"
Absalom nerusaké, "Sampéyan ikhtiyar
supados kula saged sowan Sang Raja;
déné menawi kula taksih gadhah
kalepatan, kula sagah dipun ukum
pejah."

33 Yoab banjur sowan marang Raja Dawud sarta ngaturaké panyuwuné Absalom. Raja Dawud banjur nimbali Absalom, lan Absalom iya sowan, sujud ing ngarsané Raja Dawud. Sang Raja enggoné nampa nganggo ngaras Absalom.

15 1 Sawisé lelakon mau, Absalom sedhia kréta sajarané sarta pengiring cacahé wong sèket, kanggo awaké dhéwé.

2 Saben dina Absalom tangi gasik, banjur ngadeg ing pinggir dalan sacedhaké gapuraning kraton. Saben ana wong sing arep sowan raja ngaturaké prekara, diundang lan ditakoni, "Kowé saka taler ngendi?" Lan yèn wong mau mangsuli, "Saka taler iki utawa kuwi,"

3 Absalom banjur kandha, "Manut ukum, kowé bener, nanging éman, ora ana wakiling raja sing ngrungokaké prekaramu.

4 Coba, upamané aku sing dadi hakim, saben wong sing duwé prekara utawa gugatan, bisa nemoni aku lan bakal dakputus kanthi adil."

5 Yèn ana wong sing nyedhaki Absalom
prelu nyungkemi, wong mau banjur
dicandhak lan diaras.
6 Mengkono pangrengkuhé Absalom
marang saben wong Israèl sing arep
ngaturaké prekarané marang raja.
Mengkono carané Absalom ngepèk atiné
wong Israèl.
7 Sawisé genep patang taun, Absalom
matur marang Raja Dawud, "Rama,
kula mugi panjenengan lilani késah
dhateng Hébron, prelu ngluwari janji
kula dhateng Gusti Allah.
8 Sebab nalika kula taksih manggèn ing
Gésur ing Siria, kula sampun janji, bilih
kula badhé ngibadah dhateng Allah ing
Hébron, inggih menika samasa Gusti
Allah marengaken kula mantuk dhateng
Yérusalèm."
9 Dhawuhé raja, "Lungaa, daksangoni
slamet." Absalom banjur mangkat
menyang Hébron.
10 Nanging sadurungé mangkat, wis
kongkonan nemoni taler Israèl kabèh,
padha diweling, "Yèn kowé padha krungu
swarané slomprèt, padha surak-suraka,
‘Absalom wis dadi raja ing Hébron!’"

11 Saka Yérusalèm ana wong rong atus
sing ngiring Absalom menyang Hébron.
Wong-wong mau ora ngerti apa-apa,
mulané senajan padha mèlu lunga, iya
tanpa gagasan apa-apa.
12 Absalom banjur nyaosaké kurban,
uga kirim kongkonan menyang kutha
Gilo prelu ngundang Akhitofèl, sing
dadi penaséhaté Raja Dawud. Srana
mengkono komplotan sing nglawan Raja
Dawud mau dadi saya kuwat, merga
saya akèh sing mèlu Absalom.
13 Sebanjuré ana wong sing nggawa
kabar, lapur marang Raja Dawud,
"Tiyang Israèl sampun tumut Absalom."
14 Dawud banjur dhawuh marang baturé
kabèh sing ana ing Yérusalèm, "Ayo
padha ngungsi! Yaiki dalané supaya bisa
uwal saka Absalom. Ora suwé menèh
Absalom bakal teka mréné. Ayo énggal
budhal, aja nganti kita ketututan lan
dikalahaké, sarta kabèh sing manggon
ing kutha dipatèni!"
15 "Prayogi Sang Prabu," aturé wong-
wong mau, "Kula sedaya sami sagah
nglampahi menapa kémawon ingkang
dados kersanipun Sang Prabu."

16 Raja Dawud banjur bidhal,
didhèrèkaké brayaté kabèh lan
punggawané, kejaba seliré sepuluh sing
kèri tunggu kraton.
17 Nalika raja lan pendhèrèké kabèh
padha mlaku lunga saka kutha, padha
mandheg ing sacedhaké omah sing
pungkasan.
18 Para pegawéné kabèh padha ngadeg
ing sisihé raja nalika prejurit pengawalé
raja padha baris liwat kono. Mengkono
uga prejurit nem atus sing wis mèlu wiwit
saka Gat, padha baris ing sangarepé.
19 Bareng pirsa, Raja Dawud banjur
dhawuh marang Itai, wong Gat,
komandhané prejurit nem atus mau,
"Yagéné kowé padha mèlu aku? Luwih
becik padha balia lan manggon dadi
siji karo raja sing anyar. Kowé rak
wong manca, pengungsi sing adoh saka
negaramu dhéwé?
20 Kowé durung suwé manggon ing
kéné, apa iya banjur dakkon nglembara
bebarengan karo aku? Aku dhéwé
durung ngerti arep menyang ngendi
lungaku. Kanca-kancamu sabangsa
jaken bali, muga-muga Gusti Allah
nresnani kowé lan setya karo kowé."

21 Nanging Itai matur, "Gusti, demi
Allah ingkang gesang saha demi
nyawa panjenengan, dhateng pundi
kémawon tindak panjenengan, kula
badhé ndhèrèk, senajan nemahana
pejah pisan."
22 "Ya becik!" wangsulané Dawud,
"Mlakua terus!" Itai banjur mlaku
bebarengan karo prejurité sarta brayaté
kabèh.
23 Nalika para prejurité Dawud lunga
saka kutha, wong-wong kang manggon
ing kutha padha nangis kanthi sora. Raja
Dawud banjur nyabrang Kali Kidron,
didhèrèkaké prejurité kabèh, mlaku
ngener pesamunan.
24 Imam Zadok lan Imam Abyatar uga
mèlu bebarengan karo wong Lèwi kabèh
sing nggawa Pethi Prejanjiané Allah.
Pethi Prejanjian disèlèhaké, lan ora
diangkat menèh sadurungé sing padha
manggon ing kono lunga kabèh saka ing
kutha kono.
25 Raja Dawud banjur dhawuh marang
Imam Zadok, "Pethi Prejanjian iki
balèkna menyang kutha. Menawa Gusti
Allah tresna marang aku, aku bakal

dililani bali ndeleng Pethi Prejanjian iki
sarta pedalemané.
26 Nanging menawa Gusti Allah ora
marengaké, aku pasrah apa sing
dikersakaké tumraping aku."
27 Sabanjuré raja dhawuh menèh karo
Imam Zadok, "Ahimaas, anakmu lan
Yonatan, anaké Abyatar, padha balia waé
menyang kutha kanthi tentrem.
28 Aku arep ngentèni ing sacedhaké
papan sabrangan kali ing ara-ara nganti
nampa kabar saka kowé."
29 Imam Zadok lan Imam Abyatar
nggawa Pethi Prejanjian mau bali
menyang Yérusalèm sarta padha
manggon ing kono.
30 Sawisé kuwi Raja Dawud nguculi
trumpahé. Karo sing ndhèrèkaké banjur
munggah Gunung Zaitun karo muwun,
lan sirahé ditutupi tandha yèn susah.
31 Nalika Raja Dawud dikabari, yèn
Akhitofèl uga mèlu komplotané Absalom,
banjur ndedonga mengkéné, "Dhuh Gusti
Allah, mugi Panjenengan nggagalaken
pitedahipun Akhitofèl!"
32 Nalika Raja Dawud tekan pucaké
punthuk, panggonané wong-wong padha
ngibadah marang Allah, dipethukaké

déning kancané kang setya, yakuwi
Husai, wong Arki. Sandhanganè Husai
suwèk lan sirahé diwur-wuri awu.
33 Dawud ngandika marang Husai, "Yèn
kowé mèlu, kowé bakal dadi sangganku.
34 Nanging yèn kowé bali menyang
kutha lan kandha karo Absalom, yèn
saiki kowé arep ngladèni dhèwèké
kanthi setya, kaya sing wis koktindakaké
marang bapakné biyèn, ateges kowé
nulungi aku. Kanthi cara mengkono kowé
nglawan pituturé Akhitofèl.
35 Imam Zadok lan Imam Abyatar iya
ana ing kana. Wong-wong kuwi kabarana
apa waé sing kokrungu ana ing kraton.
36 Ahimaas, anaké Zadok lan Yonatan,
anaké Abyatar wis padha mèlu bapakné,
dadi iya ana ing kono. Anak-anaké kuwi
kongkonen mréné ngabari aku apa waé
sing kokrungu ana ing kono."
37 Husai banjur bali menyang
Yérusalèm, nunggal wektu karo tekané
Absalom.

16

1 Nalika Raja Dawud lagi waé
ngliwati pucaké punthuk,
dumadakan Ziba, baturé Méfibosèt, teka
nemoni karo nggawa kuldi sepasang sing
dimomoti roti rong atus wakul, anggur

garing satus dhompol, woh-wohan sing
isih seger satus gandhèng sarta anggur
saimpes.
2 Raja Dawud ndangu, "Barang-barang
iki arep kanggo apa?" Aturé Ziba, "Kuldi-
kuldi menika kagem titihan panjenengan
sebrayat, roti saha woh-wohan menika
kanggé para abdi, saha anggur menika
kanggé sedhèrèk-sedhèrèk ingkang
kesayahen wonten ing ara-ara."
3 Raja Dawud banjur ndangu,
"Méfibosèt, putuné bendaramu Saul
ana ing ngendi?" "Piyambakipun
taksih wonten ing Yérusalèm," aturé
Ziba, "Sebab piyambakipun pitados,
bilih samenika tiyang Israèl badhé
mangsulaken tanah krajanipun Saul,
embahipun, dhateng piyambakipun."
4 Raja banjur ngandika marang Ziba,
"Barang-darbèké Méfibosèt saiki dadi
duwèkmu." "Dhawuh panjenengan
badhé kula lampahi," aturé Ziba,
"Mugi-mugi panjenengan tansah tresna
dhateng kula!"
5 Nalika Raja Dawud tekan Bahurim, ana
wong siji sing metu saka kono, banjur
nyedhaki Dawud sarta ngipat-ipati.

Wong mau jenengé Simèi anaké Géra,
sanaké Saul.
6 Simèi wiwit mbalangi Dawud lan para
kawulané nganggo watu, senajan Dawud
dikupengi prejurité sarta para sénapati.
7 Simèi ngipat-ipati lan ngucap,
"Lungaa! Lungaa! Hé wong sing gawéné
matèni wong! Wong ala!
8 Kowé wis ngrebut tanah krajané
Saul! Saiki kowé diukum déning Allah,
sebab wis matèni sanak kadangé Saul
akèh banget. Gusti Allah wis maringaké
tanah krajanmu marang Absalom. Saiki
tekan mangsané cilakamu, hé wong sing
gawéné matèni!"
9 Abisai, adhiné Yoab, anaké Zeruya,
matur marang raja, "Menapa sebabipun
tiyang damel resah menika panjenengan
kèndelaken ngipat-ipati panjenengan?
Kula panjenengan lilani nengkel
gulunipun!"
10 Nanging raja ngandika marang Abisai
lan Yoab, kakangné, "Aja mèlu-mèlu.
Karebèn aku sing diipat-ipati. Sebab
menawa Gusti Allah sing ndhawuhi, sapa
sing wenang nakokaké yagéné dhèwèké
tumindak mengkono?"

11 Dawud banjur dhawuh menèh
marang Abisai lan marang para abdiné,
"Anakku dhéwé waé ngarah patiku;
yagéné kowé padha gumun weruh
kalakuané wong Bènyamin iki? Gusti
Allah sing ndhawuhi supaya ngipat-ipati;
mulané aja kokkapak-kapakaké.
12 Mbokmenawa Allah bakal mirsani
kasangsaranku iki sarta minangka
gentiné banjur mberkahi aku."
13 Dawud lan sing padha ndhèrèk banjur
nerusaké lakuné, déné Simèi enggoné
mlaku padha rikaté ana sisihé punthuk,
karo ngipat-ipati lan mbalangi nganggo
watu lan lemah.
14 Nalika tekan Kali Yardèn, Sang
Raja lan para abdiné padha kesayahen
banget, banjur padha lèrèn ana ing
kono.
15 Dhèk semono Absalom sarta wong-
wong Israèl sing ngiring padha mlaku
ing Yérusalèm, Akhitofèl iya mèlu.
16 Nalika Husai, kancané Dawud sing
setya mau, ketemu karo Absalom,
banjur kandha sora, "Sugeng Sang
Prabu, sugeng Sang Prabu!"

17 Nanging Absalom takon, "Ana ing
ngendi kasetyanmu marang Dawud?
Yagéné kowé ora ndhèrèkaké?"
18 Wangsulané Husai, "Saèstu mboten
saged! Kula menika ndhèrèk tiyang
ingkang dipun pilih déning Allah, déning
tiyang-tiyang menika, saha déning
tiyang Israèl sedaya. Inggih tiyang
menika ingkang badhé kula dhèrèki.
19 Kaliyan malih, sinten malih ingkang
badhé kula ladosi, menawi sanès
putranipun bendara kula? Kados ingkang
sampun kula lampahi, inggih menika
ngladosi rama panjenengan, mila
samenika panjenengan badhé kula
ladosi."
20 Absalom banjur kandha karo
Akhitofèl, "Aku kandhanana apa sing
kudu daklakoni?"
21 Aturé Akhitofèl, "Kula aturi saré
sesarengan kaliyan seliripun keng
rama, ingkang dipun tilar nengga
kraton. Sedaya tiyang Israèl badhé
sumerep, bilih kanthi tumindak mekaten,
panjenengan badhé dipun anggep
mengsah déning keng rama. Para
pendhèrèk panjenengan badhé saya
kendel."

22 Dadiné, Absalom digawèkaké kémah
ing payoning kraton. Wong akèh padha
weruh yèn Absalom mlebu ing kémah
mau lan turu karo selir-seliré ramané.
23 Ing waktu kuwi sarupaning rembugé
Akhitofèl ditampa kaya déné dhawuhé
Allah piyambak; iya Dawud utawa
Absalom tansah manut pirembugé.
17 1 Ora let suwé Akhitofèl matur
menèh marang Absalom, "Mugi
panjenengan lilani kula milih tiyang
kathahipun kalihwelas èwu. Mangké dalu
kula badhé mangkat nututi Dawud.
2 Piyambakipun badhé kula serang,
mumpung taksih sayah saha kendho
semangatipun. Kula badhé damel kagèt
piyambakipun, ngantos prejuritipun
sedaya keplajeng. Namung Raja Dawud
kémawon ingkang badhé kula pejahi.
3 Déné prejuritipun sedaya badhé kula
wangsulaken dhateng panjenengan
kados déné pengantèn putri wangsul
dhateng sémahipun. Panjenengan rak
namung ngersakaken nyawa setunggal
kémawon? Sanèsipun mboten prelu
dipun menapak-menapakaken."

4 Pitutur mau dianggep becik déning
Absalom lan déning para pemimpin
Israèl kabèh.
5 Senajan mengkono Absalom kandha,
"Saiki Husai undangen; ayo padha
ngrungokaké rembugé."
6 Nalika Husai sowan, Absalom
ngandhakaké rancangané Akhitofèl,
banjur kandha, "Pitutur iki bakal kita
anut; yèn ora, usula liyané."
7 Husai matur, "Pitedahipun Akhitofèl
menika mboten saé.
8 Panjenengan mesthi mangertos,
bilih Dawud saha prejuritipun menika
satriya ingkang kendel saha prakosa.
Kekendelanipun kados déné bruwang
èstri ingkang kécalan anakipun.
Langkung-langkung Dawud menika
setunggaling prejurit ingkang
pengalaman; mboten naté tilem
sesarengan kaliyan prejuritipun.
9 Mbokmenawi ing wekdal menika
ugi piyambakipun ndhelik wonten ing
guwa utawi ing panggènan sanès. Lha,
saupami prejurit panjenengan dipun
serang Dawud, saha wonten ingkang
pejah, sinten kémawon mireng, mesthi
badhé martosaken bilih prejuritipun

Absalom sampun dipun kawonaken
sedaya.
10 Senajan tiyang-tiyang ingkang
kendel saha gagah prakosa kados
singa pisan, mesthi badhé ajrih. Sebab
sedaya tiyang Israèl sami ngertos,
bilih keng rama menika satriya, saha
prejurit-prejuritipun kendel-kendel.
11 Dados pitedah kula mekaten: Kula
aturi ngempalaken tiyang Israèl sanegari
sedaya, ingkang cacahipun sami kaliyan
pasir ing pinggir seganten, lajeng
panjenengan piyambak ingkang mimpin
tiyang-tiyang menika, majeng ing
perang.
12 Samasa kita saged ngertos
panggènanipun Dawud, kita serang
dadakan, supados sampun ngantos
wonten ingkang saged lolos, inggih
piyambakipun, mekaten ugi para
prejuritipun.
13 Menawi piyambakipun mlajeng
mlebet ing salah setunggaling kitha,
para kawula sedaya badhé mendhet
tangsul saha nyèrèd kitha menika
kacemplungaken ing salebeting jurang
ingkang celak piyambak. Banon
setunggal kémawon sampun ngantos

wonten ingkang kantun ing sanginggiling
punthuk menika."
14 Bareng krungu mengkono mau,
Absalom lan wong Israèl kabèh padha
clathu, "Pituturé Husai luwih becik
tinimbang pituturé Akhitofèl." Pancèn
wis dadi kersané Gusti Allah murungaké
pituturé Akhitofèl sing becik kuwi,
supaya Absalom cilaka.
15 Sawisé mengkono Husai nglapuraké
marang Imam Zadok lan Imam Abyatar,
bab pituturé Akhitofèl sarta pituturé
dhéwé marang Absalom lan para
penggedhé Israèl.
16 Tembungé Husai, "Énggal-énggal
matura karo Raja Dawud, supaya ora
padha nginep ing ara-ara ing sabranging
kali. Kabèh kudu énggal-énggal nyabrang
Kali Yardèn. Yèn ora, saprejurité kabèh
bakal padha tiwas."
17 Dhèk semana Yonatan anaké Imam
Abyatar lan Ahimaas anaké Imam Zadok
lagi padha ngentèni ing sacedhaké
sendhang Èn-Rogèl, ing pinggiré kutha
Yérusalèm. Wong-wong mau padha wedi
mlebu kutha, kuwatir yèn konangan
wong. Kaya adat saben, ana batur wadon
sing mènèhi kabar marang wong loro

mau, sing kudu dilapuraké marang Raja
Dawud.
18 Dumadakan ana nonoman siji sing
ngonangi, sarta banjur martakaké
marang Absalom. Mulané Yonatan lan
Ahimaas banjur énggal-énggal padha
lunga lan ndhelik ing omahé wong ing
désa Bahurim. Ing sacedhaké omah mau
ana sumuré, banjur padha dileboni.
19 Wong wadon, bojoné sing duwé
omah mau banjur njèrèng tutup
ing sandhuwuring sumur mau sarta
diwur-wuri gandum, nganti sumuré ora
katon.
20 Prejurité Absalom teka ing omah
kono lan takon marang wong wadon
mau, "Ahimaas lan Yonatan ana ing
ngendi?" "Tiyang-tiyang menika nembé
kémawon nyabrang lèpèn," wangsulané.
Para prejurit banjur padha nggolèki
nonoman loro mau, nanging ora ketemu,
nuli padha bali menyang Yérusalèm.
21 Ahimaas lan Yonatan nuli metu saka
sumur, sarta énggal-énggal nemoni Raja
Dawud, nglapuraké prekara mau kabèh.
Aturé, "Akhitofèl ngabaraken wontenipun
tiyang ingkang wosipun nglawan Sang

Prabu. Mila samenika kersaa nyabrang
lèpèn menika."
22 Raja Dawud lan para prejurité banjur
padha nyabrang Kali Yardèn, lan tekan
ing sabrang wis padhang.
23 Nalika Akhitofèl weruh, yèn pituturé
ora dinut, banjur makèhi kuldiné,
mulih menyang kuthané dhéwé.
Sawisé mbèrèsaké urusané kabèh,
banjur nggantung, lan dikubur ana ing
kuburané brayaté.
24 Dawud wis tekan kutha Mahanaim;
déné Absalom nyabrang Kali Yardèn,
diiring déning wong-wong Israèl.
25 (Absalom wis ngangkat Amasa dadi
sénapatining prejurit ngganti Yoab.
Amasa anaké Yitra, wong Ismaèl;
jenengé ibuné Abigail, anaké Nahas,
yakuwi seduluré wadon Zeruya, ibuné
Yoab.)
26 Absalom lan para prejurité padha
masang kémah ing tanah Giléad.
27 Nalika Dawud tekan Mahanaim,
ditampa déning Sobi anaké Nahas, saka
ing kutha Raba ing Amon, uga déning
Makir, anaké Amièl, saka Lodebar, lan
déning Barzilai, saka Rogelim ing Giléad.

28 Wong-wong mau padha nggawa
mangkok, kwali lan kasur kanggo
Dawud lan para prejurité. Mengkono uga
gandum, juwawut, glepung, gandum
gorèng, kacang abang, kacang kedhelé,
madu, kèju, kaniling powan sarta
wedhus gèmbèl sawetara. Wong-wong
mau padha weruh yèn Dawud lan para
prejurité luwé, ngelak sarta sayah merga
saka enggoné mlaku ing ara-ara samun.
29 (17:28)

18 1 Raja Dawud nglumpukaké
prejurité kabèh, banjur dipérang
dadi sawetara golongan. Saben golongan
nyèwu utawa nyatus. Banjur ngangkat
para penggedhéné golongan-golongan
mau.
2 Sawisé mengkono banjur dilurugaké
perang. Kang sapratelon dipimpin déning
Yoab, sapratelon dipimpin déning Abisai,
adhiné Yoab, lan sapratelon menèh
dipimpin déning Itai saka Gat. Dhawuhé
raja marang para prejurité, "Aku iya
arep mbarengi kowé kabèh."
3 Nanging wong-wong mau padha
matur, "Sampun, Sang Prabu. Mergi
menawi kula sedaya kepeksa mlajeng,
utawi kula sepalih sami tiwas, mengsah

mboten badhé mreduli, sebab ingkang
dipun padosi menika panjenengan.
Panjenengan menika aosipun sami
kaliyan kula sedaya ingkang sedasa
èwu cacahipun menika. Kaliyan malih
langkung prayogi menawi panjenengan
utusan bala bantuan saking salebeting
kitha."
4 Dhawuhé raja, "Iya becik, aku nurut
karepmu." Raja banjur jumeneng
ing sandhing gapuraning kutha,
déné prejurité padha baris metu,
sagolongan-sagolongan nyèwu utawa
nyatus.
5 Raja banjur préntah marang Yoab,
Abisai lan Itai, "Penjalukku, Absalom,
bocah enom kuwi aja dipatèni." Para
prejurit padha krungu préntahé Dawud
mau.
6 Prejurité Raja Dawud banjur mangkat
mapagaké prejurit Israèl, sarta padha
perang ing alas Éfraim.
7 Prejurit Israèl dikalahaké déning
prejurité Raja Dawud. Mangka kalahé
gedhé banget; ing dina iku sing tiwas
wong rong puluh èwu.
8 Peprangan sumebar rata ing wilayah
kono, sarta luwih akèh sing mati ana

ing alas tinimbang sing mati ana ing
peprangan.
9 Absalom, nalika lagi nunggang bihalé,
dumadakan ketemu karo prejurité
Dawud. Bihal mau liwat ing sangisoring
wit gedhé, lan sirahé Absalom kecanthol
pang sing ngrompyok. Bihalé mlayu
terus, déné Absalom kèri gumandhul ing
kono.
10 Ana prejurité Dawud siji sing weruh,
banjur lapur marang Yoab, "Kala wau
kula sumerep Absalom gumandhul
wonten ing wit ageng."
11 Yoab mangsuli, "Apa? Kowé meruhi
Absalom? Yagéné ora énggal-énggal
kokpatèni? Kowé dakopahi dhuwit slaka
sepuluh sarta sabuk siji."
12 Nanging wong mau matur, "Senajan
dipun paringi arta slaka 1.000, kula
mboten purun natoni putra raja menika.
Kula sedaya sami mireng, menapa
ingkang dipun dhawuhaken Raja Dawud
dhateng panjenengan, Abisai saha
Itai, supados sampun ngantos natoni
Absalom, laré enèm menika.
13 Sarta saupami kala wau kula mejahi
Absalom, mesthi raja badhé mirsa, —
sebab Sang Prabu midhanget sedaya

prekawis — lan mesthinipun mboten
badhé mbélani kula."
14 "Wis cukup omong kosongmu,"
tembungé Yoab. Yoab banjur njupuk
tumbaké telu sarta dijojohaké ing
dhadhané Absalom sing nalika semana
isih urip lan gumandhul ing wit.
15 Banjur ana prejurité Yoab sepuluh
sing padha ngroyok lan matèni.
16 Yoab ngunèkaké slomprèt, mulané
prejurité padha mandheg enggoné nututi
prejurit Israèl.
17 Jisimé Absalom diangkat sarta
dicemplungaké sumur ing alas.
Sumur mau diurugi nganggo watu
nganti dhuwur. Prejurit Israèl kabèh
padha keplayu, lan mulih ing omahé
dhéwé-dhéwé.
18 Nalika isih urip Absalom mbangun
tugu kanggo awaké dhéwé ana ing Lebak
Ratu, sebab ora duwé anak lanang sing
nerusaké turuné. Tugu mau dijenengaké
manut jenengé dhéwé, sarta nganti ing
dina iki tugu mau ketelah Tugu Absalom.
19 Ahimaas anaké Imam Zadok banjur
matur marang Yoab, "Sampéyan lilani
kula mlajeng mbekta kabar menika
dhateng Sang Raja, bilih Gusti Allah

sampun nguwalaken Sang Prabu saking
mengsahipun."
20 "Aja," tembungé Yoab, "Liya dina
waé. Ing dina iki kowé ora kena nggawa
kabar kuwi, sebab putrané Sang Raja
tiwas."
21 Yoab banjur kandha karo prejurité,
wong Sudan, "Lungaa, aturna marang
raja apa sing kokweruhi." Prejurit mau
sujud, banjur lunga karo mlayu.
22 Nanging Ahimaas adreng enggoné
matur marang Yoab, "Senajana
mekaten, kula mugi kalilana mbekta
kabar menika." "Yagéné kowé adreng
arep lunga, anakku?" pitakoné Yoab,
"Tumrap prekara iki kowé ora bakal
nampa opah."
23 Aturé Ahimaas menèh, "Senajan
mekaten, kula badhé késah." "Yèn
mengkono, lungaa!" tembungé Yoab.
Ahimaas banjur mlayu urut dalan sing
ngliwati tanah ngaré Yardèn, lan ora
antara suwé bisa ndhisiki prejurit Sudan
mau.
24 Dawud lagi lenggah ana ing antarané
gapura njero lan gapura njaba. Sing jaga
munggah ing sandhuwuring témbok, lan
ngadeg ana ing payoning gapura mau.

Nalika ngawasaké, katon ana wong teka
karo mlayu.
25 Sing jaga mau banjur matur sora
martakaké prekara iki marang Sang
Raja. Raja ngandika, "Yèn ijèn tanpa
kanca, mesthi nggawa kabar becik."
Nalika wong mau wis mèh tekan,
26 sing jaga weruh ana wong liya teka
karo mlayu. Banjur matur, "Panjenengan
pirsani! Wonten tiyang sanès malih
mlajeng mriki piyambakan." Raja
ngandika, "Mesthi iya nggawa kabar sing
becik."
27 Sing jaga mau matur, "Tiyang ingkang
rumiyin menika Ahimaas, kula saged
ngertos saking caranipun mlajeng."
"Kuwi wong becik," ngandikané raja,
"mesthi nggawa kabar sing becik."
28 Ahimaas ngaturi salam marang
Sang Raja, banjur sujud lan matur,
"Pinujia Allah panjenengan, ingkang
sampun masrahaken tiyang-tiyang
ingkang mbrontak menika dhateng
panjenengan."
29 Raja ndangu, "Absalom, nonoman
anakku, apa slamet?" Ahimaas matur,
"Sang Prabu, kala wau nalika kula dipun
utus déning Yoab, kula mireng tiyang

sami ramé, nanging kula mboten ngertos
menapa ingkang kelampahan."
30 "Ngadega ing sisih kana," dhawuhé
raja; Ahimaas banjur nisih lan ngadeg
ing kono.
31 Prejurité Yoab, wong Sudan banjur
teka, lan matur marang Sang Raja, "Kula
mbekta kabar saé kagum Sang Prabu!
Ing dinten menika Gusti Allah sampun
maringaken kaunggulan dhateng
panjenengan tumrap sedaya tiyang
ingkang mbrontak."
32 Raja ndangu menèh, "Absalom,
nonoman anakku, apa slamet?"
Prejurit mau matur, "Kinten kula
sedaya mengsah panjenengan, sedaya
tiyang ingkang mbrontak dhateng
panjenengan, nasibipun sami kaliyan
nènèman menika."
33 Bareng midhanget mengkono, Raja
Dawud susah banget, banjur minggah
ing lotènging gapura karo muwun
lan sesambat, "Oh anakku! Anakku
Absalom! Absalom, anakku! Luwih becik
aku waé sing mati nggentèni kowé,
anakku! Absalom, anakku!"

19

1 Yoab dikabari yèn Raja Dawud
muwun sarta sedhih banget
merga saka Absalom.
2 Mulané kemenangan ing dina kuwi
malih dadi kasusahan tumrap sakèhing
prejurité Dawud, merga padha krungu
yèn raja muwuni putrané.
3 Kanthi sesidheman wong-wong mau
padha bali menyang kutha, kaya déné
prejurit sing kisinan, keplayu saka
peprangan.
4 Sang raja nutupi pasuryané sarta
muwun sora, "O anakku! Anakku
Absalom! Absalom, anakku!"
5 Yoab sowan raja lan matur, "Ing dinten
menika panjenengan damel isinipun
para prejurit panjenengan. Inggih
tiyang-tiyang menika ingkang sampun
damel sugeng panjenengan, sugengipun
para putra sedaya, garwa saha selir
panjenengan.
6 Panjenengan nresnani tiyang ingkang
sengit dhateng panjenengan, nanging
sengit dhateng tiyang-tiyang ingkang
nresnani panjenengan! Kanthi cetha
panjenengan nedahaken, bilih para
perwira saha para prejurit panjenengan
menika mboten wonten tegesipun

tumrap panjenengan. Malah ngrumaosi, bilih panjenengan badhé rena sanget upami ing dinten menika Absalom taksih gesang saha kula sedaya sami pejah!
7 Sang Prabu mugi kersa jumeneng saha miyos, lajeng nentremaken manahipun para prejurit panjenengan. Atas namanipun Allah, kula sumpah, menawi panjenengan mboten miyos manggihi tiyang-tiyang menika, ing dalu menika ugi badhé mboten wonten tiyang ingkang ndhèrèk panjenengan. Prekawis menika badhé ndhatengaken kasangsaran ingkang langkung ageng menawi katandhing kaliyan ingkang sampun panjenengan alami ing sasugeng panjenengan."
8 Raja banjur jumeneng sarta miyos lan lenggah ana ing sacedhaké gapura. Bareng para prejurité padha krungu yèn Sang Prabu ana ing kono, kabèh banjur padha sowan. Nalika semono para prejurit Israèl kabèh wis padha keplayu, sarta mulih menyang omahé dhéwé-dhéwé.
9 Ing antarané taler Israèl ana regejegan. Kandhané wong-wong mau, "Raja Dawud wis nylametaké kita saka

tangané wong Filistin sarta nguwalaké
kita saka mungsuh-mungsuh liyané,
nanging saiki raja wis keplayu merga
saka Absalom lan jengkar saka negara
iki.
10 Absalom kita angkat dadi raja,
nanging saiki wis tiwas ana ing
peprangan. Yagéné ora ana siji waé sing
ngudi konduré Raja Dawud?"
11 Tetembungan kuwi nganti tekan
Raja Dawud. Mulané banjur utusan
Imam Zadok lan Imam Abyatar supaya
dhawuh marang penggedhéné Yéhuda
mengkéné, "Yagéné kowé padha
kèri dhéwé enggonmu methuk lan
ndhèrèkaké raja kondur menyang
kedhatoné?
12 Kowé rak padha sanak-kadangku,
kaum krabatku? Yagéné kowé sing kèri
dhéwé nyuwun baliku?"
13 Dawud uga utusan lan dhawuh
marang Amasa mengkéné, "Kowé
kuwi rak krabatku? Wiwit saiki kowé
dakangkat dadi sénapatining prejuritku
nggentèni Yoab. Yèn prekara iki ora
kelakon, karebèn Gusti Allah mundhut
nyawaku!"

14 Srana mengkono Dawud bisa ngepèk
atiné wong Yéhuda kabèh, nganti
padha kongkonan matur marang raja,
supaya kondur menyang ing kedhaton,
bebarengan karo pegawéné kabèh.
15 Raja banjur budhal lan tekan Kali
Yardèn, ing wektu kuwi wong-wong
Yéhuda wis tekan ing Gilgal prelu methuk
raja lan ndhèrèkaké tindaké sajroné
nyabrang Kali Yardèn mau.
16 Simèi anaké Géra, wong Bènyamin
kuwi nggawa wong taler Bènyamin sèwu
lan énggal-énggal teka bebarengan
karo wong Yéhuda mau, prelu ngurmati
raja. Mengkono uga Ziba, abdiné Saul,
karo anaké lanang limalas lan kawulané
rong puluh, wis nyabrang Kali Yardèn
sadurungé raja rawuh.
17 (19:16)
18 Wong-wong mau padha mbiyantu
enggoné raja sakadhang warga padha
nyabrang, sarta nglakoni apa kang
dianggep prayoga. Nalika Raja Dawud
arep nyabrang kali, Simèi sujud ing
ngarsané lan matur,
19 "Mugi kula sampun ngantos dipun
galih tetep lepat. Mugi panjenengan
mboten menggalih, menapa ingkang

kula lampahi, nalika panjenengan tindak
saking Yérusalèm.
20 Kula sampun ngrumaosi, bilih kula
damel dosa, milanipun ing antawisipun
taler-taler ingkang manggèn ing sisih
Lèr, kula ingkang rumiyin piyambak
methuk Sang Prabu ing dinten menika."
21 Bareng Abisai, anaké Zeruya, krungu
mengkono mau banjur matur, "Langkung
prayogi Simèi kaukum pejah, mergi
sampun ngipat-ipati panjenengan,
mangka panjenengan sampun dipun
pilih déning Allah."
22 Nanging Dawud ngandikani Abisai lan
Yoab kakangné, "Aja mèlu-mèlu. Yagéné
kowé padha gawé susahku! Ing dina iki
aku dadi raja menèh ing Israèl, sarta ora
kena ana wong Israèl sing diukum pati."
23 Raja banjur dhawuh marang Simèi,
"Aku sing tanggung, yèn kowé ora bakal
diukum pati."
24 Méfibosèt, putuné Saul, uga teka
methukaké raja. Dhèwèké ora misuhi
sikilé, ora nyukur jénggoté, lan ora
ngumbah sandhangané wiwit Raja
Dawud jengkar saka Yérusalèm nganti
kondur ngasta kemenangan.

25 Nalika Méfibosèt teka saka Yérusalèm
prelu methukaké raja, raja ngandika,
"Méfibosèt, yagéné kowé ora mèlu aku?"
26 Aturé, "Gusti, panjenengan pirsa,
bilih kula menika pincang. Kula
kèngkènan réncang supados makèhi
kuldi ingkang kénging kula tumpaki
prelu ndhèrèk panjenengan. Nanging
kula dipun apusi déning réncang menika.
27 Malah kula dipun awon-awon wonten
ing ngarsa panjenengan. Tujunipun Sang
Prabu menika kados déné malaékatipun
Allah, mila panjenengan nindakaken
menapa ingkang panjenengan galih saé.
28 Kulawarganipun bapak kula sampun
samesthinipun dipun ukum pejah déning
Sang Prabu, éwadéné kula panjenengan
parengaken nedha wonten ing kraton.
Samenika kula mboten wantun nyuwun
menapa-menapa dhateng panjenengan."
29 Raja ngandika, "Kowé ora prelu matur
apa-apa menèh. Aku wis duwé putusan
prelu andum bandhané bapakmu Saul
marang kowé lan Ziba."
30 Méfibosèt banjur matur, "Kajengipun
dipun pendhet Ziba sedaya. Kula sampun
marem, mergi Sang Prabu sampun
kondur kanthi sugeng."

31 Barzilai, wong Giléad, iya wis teka
saka Rogelim, prelu ndhèrèkaké raja
nyabrang Kali Yardèn.
32 Barzilai wis tuwa banget, umuré wis
wolung puluh taun. Wong kuwi sugih
banget lan sajroné raja manggèn ing
Mahanaim biyèn, Barzilai sing nyedhiani
dhaharé.
33 Raja ngandika marang dhèwèké,
"Mèlua aku menyang Yérusalèm, ana
ing kana mengko bakal dakcukupi
kapreluanmu."
34 Nanging Barzilai matur, "Mboten
badhé dangu malih enggèn kula gesang.
Dados menapa prelunipun kula ndhèrèk
Sang Prabu dhateng Yérusalèm?
35 Umur kula sampun wolung dasa
taun, sarta mboten wonten ingkang
ngremenaken kanggé kula. Kula mboten
saged ngraosaken éca menapa ingkang
kula tedha saha kula ombé. Kaliyan
malih mboten remen mirengaken
swantenipun para ingkang sami ngidung.
Kula namung badhé damel répot
panjenengan.
36 Kula mboten patut nampi épah
ingkang semanten kathahipun. Kula
namung kepéngin ndhèrèkaken Sang

Prabu sawetawis tebihipun saking
sabrangipun Lèpèn Yardèn.
37 Sesampunipun menika, keparenga
kula wangsul dhateng griya kula lan
pejah celak kaliyan kuburipun tiyang
sepuh kula. Nanging menika anak kula
pun Kimham. Keparenga ndhèrèk Sang
Prabu saha kadhawuhana nindakaken
menapa kémawon ingkang panjenengan
galih saé."
38 Raja ngandika, "Kimham arep dakjak
lan dakpréntah kaya sing kokkarepaké,
sarta apa waé sing koksuwun, bakal
dakleksanani."
39 Dawud lan para prejurité banjur
nyabrang Kali Yardèn. Panjenenganéé
banjur ngaras Barzilai sarta mberkahi.
Sawisé kuwi Barzilai banjur mulih
menyang omahé dhéwé.
40 Para prejurité Yéhuda kabèh sarta
prejurit Israèl separo padha ndhèrèk
Raja Dawud nyabrang kali. Sang Prabu
terus tindak menyang Gilgal, lan Kimham
uga ndhèrèk.
41 Para prejurit Israèl kabèh banjur
padha sowan sarta matur, "Sang Prabu,
menapa sebabipun sedhèrèk kula
tiyang-tiyang Yéhuda sami nginten, bilih

tiyang-tiyang menika ingkang nggadhahi
hak methuk saha ndhèrèkaken Sang
Prabu kaliyan kulawarga sedaya lan para
prejurit, nyabrang Lèpèn Yardèn?"
42 Wong Yéhuda banjur mangsuli,
"Mesthi waé, merga Sang Prabu kuwi
krabatku. Yagéné kowé padha nesu? Apa
aku iki wis padha nampa pangan saka
raja, utawa wis diparingi ganjaran?"
43 Wong Israèl mangsuli, "Wewenangku
bab raja kuwi tikel sepuluhé
wewenangmu, senajan Sang Prabu
kuwi krabatmu. Yagéné kowé padha
ngrèmèhaké aku? Aja padha lali,
yèn aku sing sepisanan ngusulaké
ndhèrèkaké raja supaya kondur."
Nanging tembungé wong Yéhuda iku
luwih pedhes ketimbang tembungé wong
Israèl.

20 1 Ing kutha Gilgal ana wong
dursila jenengé Séba. Séba
kuwi anaké Bikri, saka taler Bènyamin.
Nalika iring-iringané Dawud teka, Séba
ngunèkaké kanthi sora, "Kita iki ora ana
gandhèng-cènèngé karo Dawud. Prelu
apa kita ndhèrèkaké? Hèh wong Israèl,
ayo padha mulih!"

2 Wong-wong Israèl banjur padha
ninggal Raja Dawud lan mèlu Séba.
Nanging wong-wong Yéhuda tetep setya
lan ndhèrèkaké Dawud saka Kali Yardèn
tekan Yérusalèm.
3 Sawisé Sang Prabu rawuh ing kratoné
ing Yérusalèm, selir sepuluh sing
wis ditinggal supaya nunggu kraton,
dipapanaké ing omah sing tansah dijaga.
Butuhé wong-wong mau dicukupi,
nanging Raja Dawud ora tau awor karo
wong-wong mau. Dadiné wong-wong
mau dipingit lan uripé kaya déné randha
nganti samatiné.
4 Raja dhawuh marang Amasa, "Wong-
wong Yéhuda padha klumpukna lan
padha mrénéa bebarengan sajroning
telung dina!"
5 Amasa banjur lunga prelu
nglumpukaké wong-wong Yéhuda,
nanging ora bali ing wektu sing wis
ditemtokaké.
6 Raja banjur ngndika marang Abisai,
"Séba bakal luwih mbebayani tumrap
kita ketimbang karo Absalom. Mulané
nggawaa prejuritmu lan Séba oyaken,
supaya aja nganti ngebroki kutha-kutha

sing ana bètèngé, sarta aja nganti bisa
lolos."
7 Yoab, wong Kreti, wong Pleti sarta
para prejurit liyané nuli padha mangkat
saka Yérusalèm, ngoyak Séba.
8 Nalika padha tekan ing watu gedhé
ing Gibéon, Amasa wis ndhisiki ana
ing kono. Yoab nganggo sandhangan
perang, pedhangé disarungaké lan
ditalèkaké ing sabuké. Nalika njangkah
maju, sarunging pedhangé ucul, nganti
pedhangé mau tiba ing tangané kiwa.
9 Yoab kandha marang Amasa, "Kanca,
kepriyé kabaré?" karo ndemok jénggoté
Amasa nganggo tangané tengen,
kaya-kaya arep ngaras dhèwèké.
10 Amasa ora weruh pedhang sing ana
ing tangané kiwa Yoab. Dumadakan
Yoab nyudukaké pedhangé ing wetengé
Amasa, nganti jeroané metu. Amasa
tiwas sanalika, nganti Yoab ora prelu
ngambali. Yoab lan Abisai, adhiné,
banjur nerusaké enggoné ngoyak Séba.
11 Ana prejurité Yoab ngadeg ing
sacedhaké jisimé Amasa karo clathu,
"Sapa sing mihak Yoab lan Dawud,
nututana Yoab!"

12 Jisimé Amasa, sing kebak getih mau,
gemléthak ana ing satengahing dalan.
Prejurité Yoab weruh, yèn sapa waé
sing liwat kono padha mandheg. Mulané
dhèwèké banjur nyèrèd jisim mau
menyang ara-ara sarta dilurubi jubah.
13 Bareng jisimé wis disingkiraké
saka dalan, wong-wong kabèh padha
nerusaké lakuné nututi Yoab ngoyak
Séba.
14 Séba wis ngliwati wilayahé taler
Israèl kabèh, banjur tekan kutha Abèl-
Bèt-Maaka, dietutaké déning wargané
brayaté Bikri kabèh.
15 Prejurité Yoab krungu Yèn Séba ana
ing kono; kutha mau banjur dikepung.
Para prejurit banjur padha ngunthuk-
unthuk lemah ing sakubengé témbok
sisih njaba minangka tamèng sarta wiwit
gawé jugangan ing sangisoring témbok,
supaya témboké jugrug.
16 Ing kutha kono ana wong wadon
sing pinter, ngadeg ing sandhuwuring
témbok, banjur ngucap sora, "Rungokna!
Rungokna! Padha matura Yoab, supaya
Yoab mréné; aku kepéngin rembugan
karo dhèwèké."

17 Yoab banjur teka lan wong wadon
mau takon, "Menapa panjenengan
menika Yoab?" "Iya," wangsulané.
Aturé wong wadon mau, "Panjenengan
pirengaken atur kula menika!" "Iya
dakrungokaké," wangsulané Yoab.
18 Aturé wong wadon mau, "Kala
rumiyin tiyang-tiyang adatipun criyos
mekaten, ‘Yèn kowé mbutuhaké pituduh,
lungaa menyang kutha Abèl’ — Menapa
ungel-ungelan menika sampun kasuwak?
19 Abèl menika kitha babon ing Israèl,
ingkang tentrem piyambak saha setya
dhateng tanah Israèl. Menapa sebabipun
déné badhé panjenengan risak? Menapa
panjenengan kepéngin ngrisak tanah
kagunganipun Gusti Allah?"
20 "Ora," wangsulané Yoab, "Babar-
pisan aku ora arep ngrusak lan nglebur
kuthamu!
21 Ora mengkono karepku. Nanging
ana wong sing jenengé Séba anaké
Bikri, asalé saka wilayah pegunungan
Éfraim, mbrontak marang Raja Dawud.
Wong kuwi ulungna marang aku, lan aku
banjur bakal mundur saka kutha kéné."
Aturé wong wadon mau, "Sirahipun
tiyang menika badhé kula uncalaken

dhateng panjenengan, nglangkungi
témbok menika."
22 Wong wadon mau banjur lunga sarta
ngandhakaké karepé wong-wong ing
kutha kono. Séba banjur ditigas guluné
lan sirahé diuncalaké marang Yoab. Yoab
banjur ngunèkaké slomprèt lan para
prejurit lunga saka kutha kono mulih
menyang omahé dhéwé-dhéwé. Yoab
uga mulih menyang Yérusalèm sowan
Raja Dawud.
23 Para penggedhé sing diangkat
déning Raja Dawud yakuwi:
Sénapatining prejurit Israèl: Yoab.
Penggedhéné prejurit pengawal sing
njaga keslametané Dawud: Benaya,
anaké Yoyada.
24 Penggedhéné wong rodi: Adoniram.
Sing ngurusi bandha negara: Yosafat,
anaké Ahilud.
25 Sèkretaris negara: Seya. Imamé:
Zadok lan Abyatar.
26 Imam kraton: Ira saka kutha Yair.

21 1 Nalika Dawud jumeneng raja,
ana paceklik gedhé banget
telung taun muput. Dawud banjur
nyuwun pitedah marang Gusti Allah,
lan Panjenengané ngandika, "Paceklik

kuwi jalaran saka kaluputané Saul lan
brayaté, merga padha ngukum pati
marang wong-wong Gibéon."
2 (Wong-wong Gibéon mau dudu
panunggalané wong Israèl; nanging
kekarèné wong Amori. Wong-wong Israèl
wis janji arep ngayomi wong-wong mau,
nanging Saul ngudi tumpesé, merga
mikir butuhé wong Israèl lan Yéhuda.)
Dawud banjur ngundang wong-wong
Gibéon,
3 lan takon marang wong-wong mau,
"Apa sing prelu daktindakaké kanggo
kowé kabèh kanggo nebus keluputan
sing wis ditandukaké marang kowé,
supaya kowé padha mujèkaké berkah
marang umat kagungané Allah?"
4 Wangsulané wong-wong mau,
"Enggèn kula sami gadhah prekawis
kaliyan Saul lan brayatipun mboten
saged namung dipun rampungaken mawi
slaka utawi emas, nanging kula inggih
mboten kepéngin mejahi tiyang Israèl
setunggal kémawon." Pangandikané
Dawud, "Yèn mengkono, aku banjur
kudu kepriyé?"
5 Wangsulané wong-wong mau, "Saul,
raja ingkang dipun pilih déning Allah

menika kepéngin numpes kula sedaya
saking Israèl.
6 Milanipun, kula aturi masrahaken
turunipun jaler pitu, badhé kula gantung
wonten ing ngarsanipun Allah ing
Gibéa, kithanipun Raja Saul piyambak."
Pangandikané raja, "Iya becik,
wong-wong kuwi bakal dakpasrahaké."
7 Nanging merga Dawud lan Yonatan
wis padha janji, Dawud ora masrahaké
Méfibosèt anaké Yonatan.
8 Sing dipilih déning raja yakuwi Armoni
lan Méfibosèt, para putrané Saul sing lair
saka Rizpah, anaké Aya; mengkono uga
wong lima putrané Mérab, putrané putri
Saul. Wong-wong mau lair patutan karo
Adrièl anaké Barzilai, wong Méhola.
9 Wong pitu mau dipasrahaké
marang wong-wong Gibéon; nuli
padha digantung bebarengan ana ing
sandhuwuring punthuk ing ngarsané
Allah. Ukuman pati mau ditindakaké ing
pungkasané mangsa semi, nalika wiwit
ngenèni juwawut.
10 Rizpah, seliré Saul, banjur njèrèng
bagor kanggo awaké dhéwé ing
sandhuwuring watu panggonané mayit-
mayit mau. Rizpah ora lunga saka kono

wiwit panèn kawitan nganti tekané udan
ing mangsa rontog. Mayit-mayit mau ora
olèh diparani déning manuk-manuk ing
wayah awan utawa déning kéwan galak
ing wayah bengi.
11 Nalika Dawud dikabari bab lelakoné
Rizpah mau,
12 banjur tindak mundhuti balung-
balungé Saul lan Yonatan saka wong ing
Yabès tanah Giléad. (Wong-wong mau
olèhé padha nyolongi balung-balung
kuwi saka ara-ara ing kutha Bèt-Séan,
panggonané Saul lan Yonatan padha
digantung déning wong Filistin, sawisé
padha dikalahaké ing punthuk Gilboa.)
13 Balung-balungé Saul lan Yonatan
mau digawa saka kono, dikumpulaké
karo balung-balungé wong pitu sing
digantung bareng mau,
14 didadèkaké siji, dikubur ing kuburané
Kis, bapakné Saul, ing Zéla, wilayah
Bènyamin. Sawisé kabèh ditindakaké
manut préntahé raja, Gusti Allah
nyembadani pandonga tumrap negara
kono.
15 Kocapa ana peprangan menèh
antarané wong Filistin lan wong Israèl.
Dawud lan para prejurité nglurug perang

nglawan wong Filistin. Ing satengahing
peprangan Dawud nganti kesayahen.
16 Ana wong turunan buta, jenengé
Yisbi-Benob. Tumbaké digawé saka
prunggu, boboté kira-kira telu setengah
kilogram. Wong mau iya nyengkelit
pedhang anyar, lan mesthèkaké bakal
bisa matèni Dawud.
17 Nanging Abisai anaké Zeruya, teka
nulungi. Abisai nglawan lan matèni wong
mau. Sawisé mengkono prejuritè Dawud
nyuwun supaya Raja Dawud njanji ora
bakal perang menèh, "Panjenengan
menika dilahipun Israèl, sampun ngantos
kula sami kécalan panjenengan," aturé
wong-wong mau.
18 Sawisé mengkono ana peprangan
menèh nglawan wong Filistin ing Gob.
Ing sajroning peprangan mau Sibkhai,
wong Husa, matèni wong turun buta
sing jenengé Saf.
19 Ing sajroning peprangan candhaké
nglawan wong Filistin ing Gob, Èlhanan
anaké Yair, saka Bètléhèm, matèni
Goliat saka Gat, kang gagangé tumbaké
gedhéné padha karo kaya gulungan
tenunan.

[20] Nuli ana peprangan menèh nglawan
wong Filistin ing Gat. Ing kono ana wong
turun buta sing seneng banget perang.
Drijiné saben tangan lan saben sikil
enem-enem.
[21] Wong mau ngala-ala wong Israèl,
lan merga saka kuwi dipatèni déning
Yonatan, anaké Syama kakangné
Dawud.
[22] Wong papat sing dipatèni déning
Dawud lan para prejurité, kuwi turuné
buta ing Gat.

22 [1] Sawisé Gusti Allah ngluwari
Dawud saka Saul lan mungsuh-
mungsuh liyané, Dawud banjur ngidung
konjuk marang Gusti Allah:
[2] Allah iku pangayomanku, bètèng sing
kuwat tumrapku.
[3] Marang Allah enggonku ngungsi, aku
ngéyub tansah dikanthi. Kaya tamènging
Allah nutupi aku, aku tentrem, sebab
Gusti ngayomi aku. Gusti Allah iku Juru
Slametku, saka ing panganiaya enggoné
mbébasaké aku.
[4] Aku nyebut asmané Allahku, temah
aku uwal saka tanganing mungsuhku.
Pujinen Gusti sarta luhurna, ingurmatana
sarta mulyakna!

5 Aku kinepung bebaya pati, aku
keleban sakèhing bilai.
6 Pati masang kula jiret tumrapku,
kuburan menga ing ngarepanku.
7 Aku nyebut asmané Allah sajroning
karubedan, aku sesambat, nyuwun
pitulungan. Saka Bait Allah, Gusti
miyarsakaké panangisku, nyuwun
pitulungan kaparengaké.
8 Bumi gonjing geter pater, dhasaring
langit obah lan gumeter, merga Allah lagi
muntab dukané, mulad angantar-antar
prebawané.
9 Kukus mumbul saka ing grana, tutuk
metu geni memangsa, bareng lan
pletiking mawa.
10 Langit disigar, banjur tumurun
Panjenengané, kanthi mendhung peteng
ing sampéyané.
11 Kréta swarga tetumpakané, kanthi
swiwiné angin, ngambah akasa
Panjenengané.
12 Gusti kekudhung pepeteng, kekemul
méga kang ireng.
13 Kanthi gebyaring cahya ing ngarsané,
mawa angalad-alad metuné.

14 Allah nekakaké gludhug saka ing
akasa. Kang Mahaluhur ngulukaké
sabda-Nya.
15 Panahé dilepasaké, mungsuh padha
buyar, wong-wong padha keplayu, nalika
bledhèg angampar-ampar.
16 Banjur katon dhasaring samodra,
sarta kabukak telenging buwana, nalika
Allah muntab dukané, nggetak lan
mbendoni mungsuhé.
17 Saka ing ngaluhur Allah nyandhak
aku ngagem astané, banjur ngentasaké
saka ing banyu kang banget jeroné.
18 Saka mungsuh kang rosa Gusti
nguwalaké aku, lan saka wong sing
sengit kang ngluwihi kekuwatanku.
19 Wong-wong padha nglawan aku
nalika aku nandhang kasusahan, nanging
Allah maringi aku pengayoman.
20 Gusti nulungi aku uwal saka ing
bebaya, merga pangrèhé mring aku
linambaran tresna.
21 Gusti Allah maringi ganjaran, sebab
bener tumindakku, karana atiku resik,
Gusti mberkahi aku.
22 Aku tansah mbangun-turut apa
sadhawuhé, sarta ora tau nyimpang saka
dalan pitedahé.

23 Prenatané kabèh wis daklakoni,
dhawuhé ora ana sing dakblénjani.
24 Gusti mirsa yèn aku ora gawé dosa,
lan adoh saka tumindak ala.
25 Gusti Allah ngganjar aku, sebab
bener lakuku, aku ora duwé kaluputan,
lan Gusti mirsa lelakonku.
26 Tumrap tiyang setya, Paduka
ugi setya, tumrap tiyang sampurna,
kamirahan Paduka ugi sampurna.
27 Tumrap tiyang suci, Pangéran ugi
suci, nanging tiyang awon Paduka sisihi.
28 Gusti mesthi nulungi tiyang ingkang
lembah manah, nanging tiyang angkuh
kaanggep nistha déning Allah.
29 Dhuh Allah, Paduka pepadhang
kawula, Paduka nyingkiraken pepeteng
kawula.
30 Kalayan Paduka kawula wantun
nrejang grombolan, sareng Paduka,
bètènging mengsah linumpatan.
31 Gusti Allah iku sampurna pangrèhé,
kena diprecaya sekabèhing janjiné.
Tumrapé gegaman Gusti Allah minangka
tetamèngé, kanggo wong sing precaya
marang Panjenengané.

32 Sebab ora ana Allah liya, kejaba
mung Allah kita. Sapa sing ngayomi kita,
kejaba mung Allah Mahakwasa?
33 Allah iku bètèngku kang sentosa,
nganthi lakuku slamet raharja.
34 Sikilku kagawé kuwat kaya sikilé
menjangan, kanthi rikat lakuku ing
pegunungan.
35 Aku dilatih Gusti kanggo perang,
supaya gendhéwa sing rosa dhéwé kena
dakpenthang.
36 Gusti, kawula wilujeng wonten ing
pengayoman Paduka, kawula dados
kinurmatan krana saking Paduka.
37 Kawula Paduka jagi supados jangkah
kawula tetep teguh, kawula Paduka
pirsani ngantos mboten naté kéguh.
38 Kawula oyak mengsah kawula
lan kawula kawonaken tiyang-tiyang
menika, kawula mboten mantuk
sadèrèngipun sami lebur sedaya.
39 Kawula banting tiyang-tiyang menika
ngantos mboten saged tangi, ing
sangajenging suku kawula tiyang-tiyang
menika ambruk mecati.
40 Kawula Paduka paringi kekiyatan
kanggé perang. Paduka telukaken

mengsah kawula ngantos kawula
menang.
41 Mengsah kawula Paduka damel
keplajeng nyingkiri kawula, kawula
tumpes tiyang-tiyang ingkang sami
sengit dhateng kawula.
42 Sami sambat-sambat, nanging
mboten wonten bantuan, sami nyuwun
tulung dhateng Gusti, nanging mboten
kaparingan wangsulan.
43 Kawula remuk tiyang-tiyang menika
dados lebuning bumi, kawula idak-idak
tiyang-tiyang menika kados blethok ing
mergi.
44 Kawula Paduka uwalaken saking
bangsa kawula ingkang duraka, kawula
Paduka dadosaken pangwasané bangsa-
bangsa. Bangsa ngamanca ing wekdal
menika, samenika dados andhahan
kawula.
45 Tiyang manca teluk saha sujud
dhateng kawula, sami mbangun-turut
samasa mireng préntah kawula.
46 Tiyang-tiyang menika kécalan sedaya
kekendelanipun, sarta kanthi gemeter
medal saking bètèngipun.

47 Gusti Allah gesang! Pinujia
tetamèngku! Kamulyakna Allah kang
kuwat, Juru Slametku!
48 Panjenengané sing males pialané
mungsuhku, sarta nelukaké para bangsa
ing ngarepanku.
49 Kawula Paduka uwalaken saking
tengahing mengsah, ingkang ambek
siya, kawula Paduka paringi kaunggulan
tumrap mengsah kawula.
50 Milanipun kawula puji Allah ing
antawisipun para bangsa. Kawula
lagokaken kidung saha Masmur kagem
Ingkang Mahakwaos.
51 Gusti Allah tansah maringi
kaunggulan marang raja saka
mungsuhé. Sih-rahmaté tetep marang
raja pilihané, marang Dawud lan turuné,
ing selawas-lawasé.

23 1 Dawud anaké Isai dipilih dadi
raja sarta didadèkaké misuwur
déning Allahé Yakub. Iya sing ngarang
kidung masmur kanggo Israèl. Yaiki
tembung-tembungé Dawud kang
pungkasan:
2 Rohé Allah wis ngandika lantaran aku;
piweling lan sabdané ana ing lambéku.

3 Allahé Yakub wis medhar sabda;
tetamèngé Israèl paring pangandika:
"Raja kang kanthi adil mréntah
kawulané, kanthi pambangun-turut
marang Allah pangrèhé.
4 Kaya padhang ing wayah ésuk
saplethèké srengéngé, wayah ésuk
samasa sumilak langité; iku kaya
padhanging srengéngé sawisé udan,
agawé suketé ijo élok temenan.
5 Mengkono uga turunku diberkahi
Gusti Allah, prejanjiné marang aku ora
owah, janjiné langgeng lan sampurna,
sakabèhing bab kapranata. Allah
njamin kaunggulanku, sarta ngabulaké
sakabèhing kareping atiku.
6 Nanging wong sing ora mbangun-
turut ing Gusti, iku tinemuné kaya
eri. Tanganing wong ora bisa nyekel
dhèwèké;
7 ora ana sing gelem nyénggol awaké,
kejaba nganggo kayu utawa wesi.
Wong-wong iku musna dilebur ing geni."
8 Para perwirané Raja Dawud sing
kondhang yakuwi: Sing sepisan, Yosèb-
Basèbèt, saka Takhmoni, pemimpin
"Triwira." Ing sajroning peprangan wong

kuwi wis tau nglawan lan matèni wong
wolung atus nganggo tumbaké.
9 Wong nomer loro sing misuwur iku
Èléazar anaké Dodo, saka bangsa Ahohi.
Wong kuwi mbarengi Dawud nalika
padha ngadhepi wong Filistin sing wis
kumpul arep perang. Nalika prejurit
Israèl mundur,
10 Èléazar terus nyerang numpes
wong Filistin nganti kesel banget.
Tangané kaku nganti ora bisa pisah karo
pedhangé. Ing dina kuwi Allah maringi
kaunggulan kang gedhé marang Israèl.
Prejurit Israèl sing mundur padha bali
menèh menyang peprangan marani
Èléazar, mung arep padha ngrayah
barang-barangé mungsuh.
11 Wong nomer telu sing misuwur
yakuwi Syama anaké Agé, saka Harari.
Wis tau nalika wong Filistin padha
kumpul ing Lèhi, ana ing tegalan sing
kebak kacang abang, prejurit Israèl
padha keplayu,
12 nanging Syama tetep perang, matèni
sarta ngalahaké wong Filistin nganti bisa
ngrebut tegalan mau. Srana mengkono
Allah maringi kemenangan gedhé.

13 Ing liya dina ngarepaké mangsa panèn, para perwira tetelu mau, sing iya wargané perwira telung puluh, mudhun menyang guwa Adulam. Dhèk semono Dawud ana ing sajroning guwa kono. Wong Filistin padha masang kémah ing tanah ngaré Réfaim, sarta prejurité padha masang kémah ing Bètléhèm.
14 (23:13)
15 Raja Dawud kangen karo kampungé lan ngandika, "Iba senengku yèn diwènèhi ngombé banyu sumur sing cedhak karo gapura ing Bètléhèm!"
16 Perwira telu sing kondhang mau njebol bètèngé wong Filistin, nimba banyu sumur mau, banjur diaturaké marang Dawud. Nanging Raja Dawud ora kersa ngunjuk; banyu mau malah diesok minangka kurban unjukan marang Allah.
17 Aturé, "Dhuh Allah, kawula mboten saged ngombé rahipun tiyang-tiyang ingkang sampun ngetohaken nyawanipun!" Dadiné Dawud babar-pisan ora ngunjuk banyu mau. Mengkono penggawéné perwira telu sing kondhang mau.
18 Abisai, adhiné Yoab, anaké Zeruya, kuwi penggedhéné perwira telung puluh

sing misuwur. Abisai tau numpes wong telung atus nganggo tumbaké. Mulané wong mau dadi kondhang, nanging durung kena dipadhakaké karo perwira tetelu mau.
19 (23:18)
20 Perwira kondhang liyané yakuwi Benaya, anaké Yoyada, wong Kabzeèl. Wong kuwi kendel banget, matèni perwira loro saka Moab. Wis tau, nalika ana salju, Benaya mlebu ing sajroning guwa, banjur matèni singa sing ana kono.
21 Uga tau matèni wong Mesir, sing gedhé dhuwur nganggo tumbak. Benaya dhéwé enggoné nglawan mung nganggo teken. Tumbak sing ana ing tangané wong Mesir mau direbut, banjur dienggo matèni.
22 Mengkono prekara sing ditindakaké déning Benaya, wargané perwira telung puluh mau.
23 Ing antarané para prejurit, Benaya pancèn klebu onjo, nanging durung bisa madhani perwira telu mau. Benaya diangkat dadi penggedhéné barisan pengawalé Raja Dawud.

24 Warga liyané saka perwira telung
puluh yakuwi: Asaèl, adhiné Yoab,
Èlhanan, anaké Dodo saka Bètléhèm,
Syama lan Elika, wong Harod, Hèlès,
wong Palti, Ira, anaké Ikes, wong Tekoa,
Abièzèr, wong Anatot, Mebunai, wong
Husa, Zalmon, wong Ahohi, Maharai,
wong Netofa, Hèlèb, anaké Baana wong
Netofa, Itai, anaké Ribai saka Gibéa,
taler Bènyamin, Benaya, wong Piraton,
Hidai, saka tanah ngaré Gaas, Abialbon,
anaké Arabah, Azmawèt, wong Bahurim,
Élialba, wong Saalbon, Anak-anaké
Yasyen, Yonatan, Syama, wong Harari,
Ahiam, anaké Sarar, wong Harari,
Èlifèlèt, anaké Ahasbai, wong Maaka,
Éliam, anaké Akhitofèl, wong Gilo,
Hézrai, wong Karmèl, Paérai, wong Arbi,
Yigal, anaké Natan, saka Zoba, Bani,
wong Gad, Zèlèk, wong Amon, Naharai,
wong Beérot, sing nggawa gamané Yoab,
Ira lan Gareb, wong Yétri, Uria, wong
Hèt. Kabèh mau prejurit telung puluh
pitu sing kondhang.
25 (23:24)
26 (23:24)
27 (23:24)
28 (23:24)

29 (23:24)
30 (23:24)
31 (23:24)
32 (23:24)
33 (23:24)
34 (23:24)
35 (23:24)
36 (23:24)
37 (23:24)
38 (23:24)
39 (23:24)

24 1 Gusti Allah duka menèh marang
Israèl, mula Dawud banjur
didamel supaya nekakaké kasangsaran.
Pangandikané Gusti Allah marang
Dawud, "Nganakna cacah jiwa ing Israèl
lan Yéhuda."
2 Dawud banjur dhawuh marang Yoab,
sénapatining prejurité, "Lungaa nggawa
para perwiramu, menyang taler-taleré
Israèl sanegara kabèh, nyacahaké
para kawula. Aku kepéngin ngerti pira
cacahé."
3 Nanging Yoab matur, "Mugi-mugi
Allah panjenengan nikelaken cacahipun
tiyang Israèl samenika ngantos tikel
satus, saha panjenengan taksih sugeng
saged mirsani tiyang-tiyang menika.

Nanging kanggé menapa panjenengan
ngersakaken cacah jiwa menika?"
4 Raja Dawud nggegegi dhawuhé mau,
dadiné Yoab lan para perwirané banjur
padha mangkat saka ngarsané raja prelu
ngétung bangsa Israèl.
5 Sawisé nyabrang Kali Yardèn, Yoab
lan para prejuritè masang kémah ing
sakidulé Aroèr, kutha ing satengahing
tanah ngaré, wilayah Gad. Saka kono
banjur padha ngalor, menyang Yaézèr,
6 terus menyang Giléad sarta menyang
Kadès, ing wilayahé wong Hèt. Sawisé
mengkono banjur menyang Dhan, saka
Dhan ménggok ngulon, menyang Sidon.
7 Banjur padha mengidul, menyang
Tirus, kutha sing ana Bètèngé. Sabanjuré
padha menyang sakabèhing kuthané
wong Hèwi lan wong Kenaan, lan
wusananè menyang Bèrsyéba, ing
Yéhuda sisih Kidul.
8 Enggoné padha ndlajahi salumahing
negara kabèh suwéné sangang sasi lan
rong puluh dina. Sawisé kuwi banjur
padha bali menyang Yérusalèm,
9 sarta nglapuraké marang raja olèh-
olèhané enggoné nyacah jiwa mau.
Cacahing wong lanang sing bisa dadi

prejurit ing Israèl ana 800.000 lan ing
Yéhuda ana 500.000.
10 Nanging sawisé Dawud rampung
enggoné ngétung bangsa mau, banjur
rumangsa keluputan, banjur matur
marang Gusti Allah, "Kawula sampun
damel dosa! Dhuh Gusti, mugi kersa
maringi pangapunten dhateng kawula,
mergi tumindak kawula menika bodho
sanget."
11 Gusti Allah ngandika marang Nabi
Gad sing dadi mitrané Dawud, "Lungaa
lan kandhaa karo Dawud, yèn Aku
maringaké pilihan werna telu. Aku bakal
nindakaké apa waé sing dadi pilihané."
Ésuké, sawisé Dawud wungu saré,
12 (24:11)
13 Gad séba lan martakaké dhawuhé
Gusti Allah marang Dawud, unjuké,
"Pundi ingkang panjenengan pilih:
Paceklik ing negari menika tigang
taun dangunipun, menapa milih dipun
oyak-oyak déning mengsah tigang wulan
dangunipun, utawi ngalami pageblug
ing negari menika tigang dinten
dangunipun? Panjenengan temtokaken
samenika menapa ingkang kedah kula
aturaken dhateng Gusti Allah."

14 Raja ngandika, "Aku bingung banget!
Nanging aku ora gelem kena paukumané
manungsa. Kita kabèh karebèn kena
ukumané Allah waé, sebab katresnané
gedhé banget."
15 Sawisé kuwi Gusti Allah nekakaké
pageblug marang Israèl wiwit ésuk nganti
tekan wektu sing wis ditemtokaké. Ing
Israèl cacahé wong sing mati pitung
puluh èwu.
16 Malaékaté Allah sing nggawa pepati
mau wis tekan ing sacedhaké panuton
gandum duwèké Arauna, wong Yébus.
Nalika malaékat mau tata-tata arep
numpes Yérusalèm, Gusti Allah ngrébah
putusané enggoné ngukum bangsa mau.
Pangandikané marang malaékat mau,
"Wis cukup! Mandhega!"
17 Raja Dawud pirsa malaékat mau,
banjur matur marang Allah, "Kawula
ingkang damel dosa saha kawula ingkang
lepat. Nanging menapa kalepatanipun
bangsa ingkang sangsara menika?
Kawula saha brayat kawula mugi
Panjenengan ukum!"
18 Ing dina kuwi uga Gad nyowani
Raja Dawud sarta matur, "Mugi
panjenengan kersa tindak ing panuton

gandum gadhahanipun Arauna, saha ngedhegaken mesbèh kagem Gusti Allah."
19 Dawud nuruti tembungé Gad lan mangkat, kaya sing didhawuhaké déning Allah.
20 Kebeneran Arauna lagi nginguk mengisor, lan weruh yèn raja sarta para pendhèrèké rawuh. Arauna sujud,
21 sarta matur, "Panjenengan kagungan kersa menapa?" Paring wangsulané Dawud, "Arep nuku panuton gandum iki lan ngedhegaké mesbèh kagem Gusti Allah, supaya pageblug iki sirep."
22 Aturé Arauna, "Panjenengan pundhut kémawon menapa ingkang panjenengan galih saé. Menika lembu-lembu kagem kurban obongan. Minangka kajeng obongipun panjenengan saged ngagem rakitaning lembu saha blabaging panuton."
23 Kabèh mau diaturaké déning Arauna marang raja karo matur, "Mugi Allah panjenengan kersa nampi kurban panjenengan."
24 Nanging raja ngandika, "Aku emoh misungsungaké kurban marang Allahku, tanpa nganggo mbayar apa-apa. Kabèh

duwèkmu iki kudu daktuku." Dawud
enggoné mundhut papan panuton
gandum lan sapi-sapi mau kanthi rega
dhuwit slaka sèket iji.
25 Raja Dawud banjur ngedhegaké
mesbèh ana ing kono kagem Allah sarta
nyaosaké kurban obongan lan kurban
slametan. Gusti Allah nyembadani
panyuwuné Dawud, banjur nyingkiraké
pageblug mau saka tanah Israèl.

1 Raja-Raja

1 [1] Raja Dawud saya sepuh banget.
Senajan ngagem slimut kandel
meksa isih kasrepen.
[2] Mulané para abdiné padha matur,
"Dhuh Sang Prabu, menapa mboten
prayogi kawula sami pados prawan
ingkang nenggani lan ngrimati
panjenengan. Laré menika tilema
kaliyan panjenengan supados sarira
panjenengan anget."
[3] Banjur padha golèk bocah wadon
sing ayu ing sanegara Israèl kabèh. Ing
Sunèm ana prawan, jenengé Abisag,
ayu banget; banjur disowanaké Sang
Prabu lan dikon ngladèni sarta njaga
panjenenganÃ©, nanging wong wadon
mau ora diwori saré.
[4] (1:3)
[5] Sarèhné Absalom wis mati, mulané
putrané Sang Raja Dawud sing tuwa
dhéwé saiki Adonia. Asmané ibuné Hagit.
Adonia kuwi rupané bagus. Yèn gawé
keluputan ora tau disendhu[a] déning

---

[a]disendhu: Dipun èngetaken.

ramané. Sarèhné kepéngin dadi raja,
Adonia banjur nyawisaké kréta perang,
prejurit jaranan lan pengawal sèket.
6 (1:5)
7 Adonia banjur rembugan karo Yoab lan
Abiatar. (Ibuné Yoab asmané Zeruya.)
Yoab lan Imam Abiatar nyarujuki karepé
Adonia.
8 Nanging Imam Zadok, Benaya bin
Yoyada, Nabi Natan, Simèi, Rèi lan
pengawalé pribadi Raja Dawud padha
ora rujuk karo karepé Adonia.
9 Ing sawijining dina Adonia saos
kurban wedhus, sapi lanang lan sapi
nom lemu-lemu ana ing panggonan
sing jenengé Ula Watu, ing sacedhaké
sendhang Èn-Rogèl. Putra-putrané Raja
Dawud liyané sarta para pegawé kraton
Yéhuda diulemi kabèh ing pésta mau,
10 nanging Suléman, adhiné Adonia,
Nabi Natan sarta Benaya lan pengawalé
pribadi Sang Raja Dawud ora diulemi.
11 Nabi Natan sowan marang Bètsyéba,
ibuné Suléman, aturé, "Menapa
panjenengan mboten pirsa bilih Adonia,
putranipun Hagit, sampun dados
raja saking kajengipun piyambak,

mangka Sang Raja Dawud mboten pirsa
menapa-menapa bab menika.
12 Menawi Suléman lan panjenengan
piyambak kepéngin wilujeng, kula
prayogèkaken
13 supados énggal-énggal sowan
dhateng Sang Raja Dawud kaliyan matur
mekaten, ‘Menapa mboten Sang Raja
piyambak ingkang sumpah dhateng
kawula, bilih anak kawula Suléman
ingkang badhé dados raja, nggentosi
panjenengan?’"
14 Aturé Nabi Natan menèh, "Mangké
salebetipun panjenengan ngandikan
kaliyan Sang Raja, kula badhé mlebet
ngiyataken atur panjenengan."
15 Bètsyéba banjur sowan ngadhep ing
kamaré Sang Raja. Sang Raja wis sepuh
banget, lan diladosi déning Abisag,
prawan saka Sunèm.
16 Bètsyéba sungkem ing ngarsané
Sang Raja banjur didangu, "Kowé arep
nyuwun apa?"
17 Aturé Bètsyéba, "Dhuh Sang Prabu.
Panjenengan sampun sumpah dhateng
kawula demi asmanipun Pangéran,
Allah panjenengan, bilih anak kawula

Suléman badhé dados raja, nggentosi
panjenengan.
18 Nanging samenika Adonia sampun
madeg raja, mangka panjenengan
mboten pirsa prekawis menika.
19 Adonia sampun saos kurban ageng-
agengan arupi ménda, lembu jaler lan
pedhèt lema-lema. Ugi sampun ngulemi
putra-putra panjenengan lan Imam
Abiatar, Yoab tuwin para panglimané
perang wonten ing pésta menika.
Nanging Suléman mboten dipun ulemi.
20 Dhuh Sang Prabu, samenika umat
Israèl sedaya sami nengga-nengga
dhawuh panjenengan bab sinten ingkang
badhé nggantos panjenengan jumeneng
raja.
21 Menawi panjenengan mboten
paring dhawuh samenika, mangké
sesampunipun panjenengan séda
kawula lan anak kawula mesthi badhé
kasiya-siya kados pengkianat."
22 Sajroné Bètsyéba isih matur, Nabi
Natan mlebet ing kraton.
23 Sawisé Sang Prabu diaturi pirsa, Nabi
Natan banjur marek lan sujud ana ing
ngarsané Sang Prabu.

24 Aturé, "Dhuh Sang Prabu, menapa
panjenengan sampun ngumumaken,
bilih Adonia nggentosi panjenengan
jumeneng raja?
25 Ing dinten menika piyambakipun
sampun nyaosaken kurban ménda,
lembu jaler lan pedhèt lema-lema. Para
putra panjenengan sedaya sampun
dipun ulemi; ugi Yoab, panglima, lan
Imam Abiatar. Tiyang-tiyang wau sedaya
nembé kémawon sami pésta kaliyan
Adonia sarta sami surak-surak, ‘Sugenga
Sang Raja Adonia!’
26 Nanging kula mboten dipun ulemi,
mekaten ugi Imam Zadok, Benaya sarta
Suléman.
27 Menapa panjenengan ingkang
ndhawuhi tiyang-tiyang wau sami
tumindak mekaten, tanpa paring
sumerep dhateng para punggawa, bab
sinten ingkang panjenengan angkat
dados gantos panjenengan?"
28 Sang Raja Dawud dhawuh, "Bètsyéba
aturana mréné." Bètsyéba uga nuli
sowan.
29 Banjur dingandikani déning Sang
Prabu mengkéné, "Aku pancèn wis
janji karo kowé, demi Pangéran, Allahé

Israèl, yèn Suléman, anakmu sing bakal
nggentèni aku dadi raja. Lan saiki aku
kandha karo kowé, demi Allah sing sipat
gesang, sing wis ngluwari aku saka
sakèhé kasangsaran, yèn ing dina iki uga
aku bakal netepi janjiku marang kowé."
30 (1:29)
31 Bètsyéba banjur sujud karo matur,
"Mugi-mugi Sang Prabu sugenga ing
selaminipun!"
32 Raja Dawud banjur utusan nimbali
Imam Zadok, Nabi Natan lan Benaya.
Sawisé padha marek,
33 banjur dingandikani mengkéné, "Para
punggawaku padha klumpukna, banjur
Suléman, anakku, tunggangna bihal
tumpakanku dhéwé, gawanen menyang
sendhang Gihon.
34 Ana ing kana Imam Zadok lan Nabi
Natan kudu njebadi dadi raja Israèl.
Sawisé mengkono kowé kudu padha
ngunèkaké slomprèt lan surak-surak,
'Sugenga Sang Prabu Suléman.'
35 Yèn wis, Suléman iriden mréné,
lungguhna ing dhamparku, sebab
dhèwèké sing dakpilih dadi raja
nggentèni aku, mréntah umat Israèl lan
Yéhuda."

36 Unjuké Benaya, "Inggih Sang Prabu,
mugi-mugi Allah panjenengan mberkahi
dhawuh panjenengan.
37 Kados déné Pangéran sampun nunggil
kaliyan panjenengan, semanten ugi mugi
inggih kersa nunggil kaliyan Suléman.
Mugi-mugi Gusti Allah nyantosakaken
pepréntahanipun ngungkuli pepréntahan
panjenengan."
38 Imam Zadok, Nabi Natan, Benaya
lan pengawal pribadiné Sang Prabu
banjur ngaturi Suléman nitih bihalé Raja
Dawud, sarta dijak menyang sendhang
Gihon.
39 Imam Zadok banjur mundhut gendul
lenga zaitun olèhé ngasta saka Kémah
Pedalemané Allah, diagem njebadi[b]
Suléman. Slomprèt-slomprèt banjur
diunèkaké lan wong kabèh sing ana ing
kono padha surak-surak, "Sugenga Sang
Prabu Suléman!"
40 Suléman banjur kondur diiring déning
wong akèh mau, karo surak-surak lan
ngunèkaké suling, nganti buminé horeg
merga saka raméné.

---

[b]njebadi: ngesokaken lisah ing sirahipun tiyang ingkang dipun wisudha dados nabi, imam utawi raja.

41 Lagi waé Adonia lan para tamuné
rampung enggoné pésta, padha krungu
raméné wong sing padha surak-surak
mau. Nalika krungu swarané slomprèt
Yoab takon, "Ing kutha ana apa,
kokraméné kaya ngana?"
42 Yoab durung rampung olèhé kandha
dumadakan Yonatan, anaké Imam
Abiatar teka. Adonia mbagèkaké,
pangucapé, "Mlebua mréné. Kowé wong
becik, mesthiné iya nggawa kabar
becik."
43 Wangsulané Yonatan, "Nyuwun
ngapunten, mboten mekaten. Raja
Dawud sampun ngangkat Suléman
jumeneng raja.
44 Imam Zadok, Nabi Natan, Benaya
lan pengawalipun Sang Prabu sampun
kadhawuhan ngiring Suléman. Suléman
kadhawuhan nitih bihalipun Sang Prabu,
45 lan Imam Zadok sarta Nabi Natan
sampun njebadi Suléman wonten ing
sendhang Gihon. Sesampunipun menika
lajeng sami mlebet ing kitha kaliyan
surak-surak ramé sanget. Tiyang sakitha
sami kagèt sedaya. Inggih swanten ramé
ingkang kita pireng menika,

46 Suléman samenika sampun
jumeneng raja.
47 Malah para pegawé kraton
sampun sami sowan nyalami Sang
Raja Dawud. Aturipun, ‘Mugi-mugi
Pangéran, Allah panjenengan,
ndadosaken Suléman langkung misuwur
tinimbang panjenengan; mugi-mugi
pepréntahanipun Suléman langkung
ageng kawibawanipun ketimbang kaliyan
pepréntahan panjenengan.’ Sang Prabu
Dawud lajeng nyembah sujud dhateng
Allah wonten ing pesaréanipun,
48 sarta ndedonga, ‘Pinujia Pangéran,
Allah sesembahanipun umat Israèl.
Ing dinten menika salah setunggaling
anak-turun kawula sampun Paduka
angkat dados raja, nggentosi kawula,
lan kawula sampun Paduka parengaken
taksih gesang menangi kedadosan
menika!’"
49 Para tamuné Adonia kabèh padha
wedi, mula padha ngadeg, banjur bubar
sowang-sowangan.
50 Adonia wedi banget karo Suléman,
mula lunga menyang Kémah
Palenggahané Allah, nyekel sungu-
sunguné mesbèh.

51 Ana wong sing ngaturi pirsa marang
Raja Suléman, yèn Adonia saking wediné
saiki cekelan sungu-sunguné mesbèh lan
kandha, "Aku njaluk supaya Suléman
sumpah dhisik karo aku, yèn aku ora
arep dipatèni."
52 Wangsulané Suléman, "Yèn Adonia
becik lakuné mesthi ora bakal dikapak-
kapakaké, nanging yèn nindakaké piala,
mesthi bakal dipatèni."
53 Raja Suléman banjur utusan wong
ngirid Adonia saka mesbèh. Adonia nuli
sowan Raja Suléman lan sungkem ing
ngarsané. Sang Raja ngandika, "Wis,
muliha."

2 1 Bareng wis ngarepaké séda, Dawud
nimbali Suléman, sarta paring
piweling sing pungkasan marang putrané
mau, dhawuhé,
2 "Iki wis tekan wektuku. Kowé sing
kendel lan sing gedhé precayamu.
3 Lakonana apa sing didhawuhaké
déning Pangéran marang kowé. Dhawuh-
dhawuh lan prenatan-prenatané sing
katulis ing Kitabé Musa kabèh tindakna,
supaya kowé binerkahan ing saparan-
paranmu lan ing sapenggawému.

4 Yèn kowé ngèstokaké dhawuhé
Pangéran, Panjenengané bakal netepi
janjiné, yakuwi anak-turunmu bakal
ngerèh bangsa Israèl; semono mau yèn
tansah padha nglakoni dhawuh-dhawuhé
klawan setya lan kanthi éklasing ati.
5 Isih ana saprekara menèh! Kowé
mesthiné isih kèlingan karo penggawéné
Yoab marang aku. Yakuwi enggoné
matèni perwira Israèl loro, Abnèr bin
Nèr lan Amasa bin Yètèr. Wong-wong
mau padha dipatèni déning Yoab ing
mangsa tentrem, digawé kaya lelakon
ing mangsa perang. Yoab wis matèni
wong sing ora salah, lan aku sing kudu
mikul penggawéné, nganti aku sengsara.
6 Saiki, kowé nggèr, ngertia marang
kuwajibanmu: Yoab aja koktogaké
nganti mati tuwa.
7 Nanging anak-anaké lanang Barzilai,
wong Giléad kaé becikana. Wènèhana
sokongan kanggo panguripané, sebab
wong-wong kuwi padha mbeciki aku,
yakuwi nalika aku padha ngungsi
nyingkiri sedulurmu Absalom.
8 Déné Simèi bin Géra, sing asalé saka
Bahurim, wilayah Bènyamin, welingku
mengkéné: Nalika aku lunga menyang

Mahanaim, Simèi kuwi kebangeten
enggoné nyepatani aku. Nanging bareng
aku ketemu karo dhèwèkné ing Kali
Yardèn, aku wis sumpah demi Allah, yèn
dhèwèkné ora bakal dakpatèni.
9 Mung welingku, wong mau aja
dibébasaké saka ukuman. Aku ngerti yèn
kowé wong wicaksana; mulané ngerti
carané gawé patiné wong mau."
10 Dawud nuli séda lan disarèkaké ana
ing kuthané Dawud.
11 Enggoné jumeneng raja ing Israèl
lawasé patang puluh taun; pitung taun
dedalem ing Hébron lan telung puluh
telu taun ing Yérusalèm.
12 Suléman jumeneng raja nggentèni
Dawud. Pangwasané Raja Suléman
gedhé banget.
13 Ing sawijining dina Adonia sowan
marang Bètsyéba. Bètsyéba ndangu
mengkéné, "Apa sowanmu nggawa
kabar becik?" Wangsulané Adonia,
"Inggih."
14 Banjur matur menèh, "Wonten
prekawis ingkang badhé kula suwun
saking ibu." Pendanguné Bètsyéba, "Apa
sing arep koksuwun?"

15 Adonia mangsuli, "Ibu pirsa bilih
ingkang dados raja menika leresipun
kula; tiyang Israèl sedaya sampun
ngajeng-ajeng bab menika. Nanging
kedadosanipun malah kosokwangsul;
ingkang dados raja adhi kula, mergi
sampun mekaten kersanipun Pangéran.
16 Samenika kula gadhah panyuwun
saprekawis kémawon, mugi sampun
ngantos panjenengan tampik."
17 Pendanguné Bètsyéba, "Sing
koksuwun apa?" Aturé Adonia, "Kula
suwun ibu kersaa nglantaraken dhateng
Raja Suléman supados kula dipun
parengaken mendhet Abisag, laré èstri
saking Sunèm menika dados sémah
kula. Kula pitados Suléman mboten
badhé kawratan menawi ibu ingkang
ngandika."
18 Pangandikané Bètsyéba, "Ya becik,
dakkandhakné karo Suléman."
19 Bètsyéba banjur nemoni Suléman,
arep nerusaké panyuwuné Adonia.
Sang Prabu jumeneng sarta mbungkuk
ngurmati kang ibu, banjur lenggah ing
dhamparé. Nuli utusan wong njupuk
kursi diprenahaké ana ing tengené
kagem kang ibuné.

20 Bètsyéba banjur ngandika, "Aku
arep ngrembug prekara sepélé karo
sliramu; muga-muga aja koktampik."
Aturé Suléman, "Prekawis menapa Bu.
Kula mboten badhé nampik."
21 Pangandikané Bètsyéba, "Adonia,
sedulurmu, kepéngin ngepèk bojo
Abisag."
22 Aturé Suléman, "Kénging menapa
ibu mundhut pirsa prekawis mekaten
dhateng kula? Menika sami kémawon
kaliyan ibu mundhut supados kula
nyukakaken dhamparing keprabon
menika dhateng piyambakipun.
Piyambakipun rak kakang kula. Menapa
malih Imam Abiatar lan Yoab mihak
dhateng piyambakipun!"
23 Sawisé ngandika mengkono Suléman
banjur sumpah demi Allah, "Mugi-mugi
Allah ngukum dhateng kula menawi
Adonia mboten kula pejahi mergi
panyuwunipun menika!
24 Gusti Allah sampun nyantosakaken
enggèn kula dados raja nggentosi bapak
kula Dawud. Gusti Allah sampun netepi
janjinipun lan sampun maringaken
dhamparing kraton menika dhateng kula
turun-temurun. Kula sumpah demi Allah,

bilih ing dinten menika ugi Adonia kedah
pejah!"
25 Raja Suléman nuli paring dhawuh
marang Benaya; sing didhawuhi iya nuli
mangkat matèni Adonia.
26 Sawisé mengkono Raja Suléman nuli
ngandika marang Imam Abiatar, "Kowé
balia menyang panggonan asalmu ing
Anatot. Sejatiné kowé pantes diukum
pati, nanging ing dina iki aku ora arep
matèni kowé, sebab nalika kowé isih
bebarengan karo bapakku, kowé mèlu
ngrasakaké sakèhé lara-lapané[c] bapak."
27 Abiatar banjur dilèrèni déning
Suléman saka enggoné dadi imam.
Nganggo cara mengkono Suléman
ngleksanani apa sing dingandikakaké
déning Pangéran ana ing Silo bab Imam
Èli lan anak-anaké.
28 Krungu prekara mau Yoab dadi wedi,
merga dhèwèké mihak marang Adonia,
senajan dhèk biyèn ora mihak marang
Absalom. Mulané Yoab banjur mlayu
mlebu Kémah Palenggahané Pangéran
sarta nyekel sungu-sunguné mesbèh.

---

[c]lara-lapa: kasangsaran, penderitaan (bhs. Ind.).

29 Kabar mau diaturaké marang Raja
Suléman. Mulané Sang Prabu utusan
Benaya matèni Yoab.
30 Benaya banjur marani Yoab ing
Kémah Palenggahané Pangéran,
sarta kandha karo Yoab, "Kowé
didhawuhi Sang Prabu metu saka kono!"
Wangsulané Yoab, "Ora, aku arep mati
ana ing kéné." Benaya bali lapur marang
Sang Prabu.
31 Mireng lapuran mau Sang Prabu
ngandika, "Lakonana sapenjaluké Yoab.
Patènana lan kuburen, supaya aku lan
anak-turunku ora nyangga paukumané
Yoab, sing matèni wong ora salah.
32 Gusti Allah bakal ngukum Yoab,
merga matèni wong tanpa idiné
bapakku. Abnèr, perwira Israèl lan
Amasa, perwira Yéhuda, loro-loroné ora
salah. Loro-loroné luwih becik ketimbang
karo Yoab dhéwé, éwasemono padha
dipatèni.
33 Paukuman merga enggoné matèni
perwira loro mau kudu disangga déning
Yoab lan anak-turuné ing selawas-
lawasé. Nanging anak-turuné bapakku
sing dadi raja bakal selawasé diberkahi

déning Allah, sarta urip klawan ayem
tentrem."
34 Benaya banjur lunga menyang
Kémah Palenggahané Allah menèh
lan Yoab dipatèni ana ing kono. Yoab
dikubur ing sanjabané kutha, ana ing
pekarangané dhéwé.
35 Sawisé mengkono Sang Prabu
banjur ngangkat Benaya dadi panglima
nggentèni Yoab, lan Zadok diangkat dadi
imam nggentèni Imam Abiatar.
36 Sawisé mengkono Raja Suléman
nimbali Simèi, dingandikani mengkéné,
"Gawéa omah ing Yérusalèm kéné,
manggona ing kono lan aja metu-metu
saka kutha.
37 Yèn kowé wani-wani metu lan
nyabrang Kali Kidron, kowé bakal
dipatèni; lan kuwi merga saka salahmu
dhéwé."
38 Unjuké Simèi, "Inggih prayogi. Kula
badhé nglampahi dhawuhipun Sang
Prabu." Mulané Simèi banjur manggon
ing Yérusalèm lawasé telung taun.
39 Kecrita baturé Simèi loro minggat lan
mlayu menyang panggonané Akis bin
Maaka, raja ing Gat. Krungu kabar mau
Simèi,

40 banjur masang lapak kuldiné lan
mangkat nututi baturé menyang Gat,
saprelu nemoni raja Akis bin Maaka.
Bareng wis ketemu banjur digawa mulih.
41 Sang Prabu Suléman mireng
kedadéan mau
42 banjur utusan nimbali Simèi, lan
dingandikani mengkéné, "Kowé wis
dakkon sumpah demi Allah, yèn ora
bakal metu saka kutha Yérusalèm. Lan
kowé uga wis dakkandhani yèn samasa
kowé metu saka Yérusalèm, kowé bakal
diukum pati. Kowé wis janji lan setuju
arep nglakoni dhawuhku mau ta?
43 Nanging yagéné saiki kowé ora netepi
janjimu lan ora nglakoni dhawuhku?
44 Kowé rak ngerti sakèhé piala sing
koktandukaké marang bapakku. Mulané
Pangéran bakal ngukum kowé,
45 nanging mberkahi aku, lan kratoné
bapakku bakal disentosakaké ing
selawas-lawasé."
46 Sawisé ngandika mengkono
Sang Prabu banjur dhawuh marang
Benaya supaya matèni Simèi. Wiwit
nalika semana Suléman nindakaké
pepréntahan klawan pangwasa
sakatogé.

3

1 Suléman krama karo putriné raja
Mesir, temah Mesir dadi balané. Putri
mau diboyong menyang kuthané Dawud
lan manggon ing kana, nganti kratoné
Sang Prabu lan Pedalemané Allah sarta
bètèngé kutha Yérusalèm rampung
dibangun.
2 Sarèhné Pedalemané Allah durung
dibangun, rakyat enggoné saos kurban
isih ana ing mesbèh rupa-rupa.
3 Suléman ngabekti marang Allah lan
nggugu marang piwelingé ramané.
Nanging enggoné nyembelèh lan saos
kurban kéwan isih ana ing mesbèh sing
béda-béda.
4 Mesbèh sing kerep diagem, yakuwi
sing ana ing Gibéon. Suléman kerep
saos kurban ana ing kono. Ing sawijining
dina, kaya adaté, Suléman tindak mrono
menèh.
5 Benginé Gusti Allah ngetingal marang
Suléman sajroné impèn lan ndangu,
"Kowé kepéngin Dakparingi apa?"
6 Atur wangsulané Suléman, "Dhuh
Pangéran, Paduka sampun ngetingalaken
sih Paduka ingkang ageng dhateng
bapak kawula Dawud, abdi Paduka.
Piyambakipun tiyang jujur ingkang

netepi dhawuh Paduka kalayan setya.
Paduka inggih nglestantunaken sih
Paduka dhateng piyambakipun srana
maringi anak jaler, ingkang samenika
nggentosi piyambakipun dados raja.
7 Dhuh Allah, Paduka sampun ngangkat
kawula dados raja nggentosi bapak
kawula, senajan kawula taksih nèm
sanget lan mboten mangertos caranipun
nyepeng prepréntahan.
8 Kawula wonten ing satengahing
bangsa ingkang Paduka pilih dados umat
kagungan Paduka piyambak, bangsa
ingkang ageng, ingkang mboten saged
kaétang cacahipun.
9 Awit saking menika dhuh Allah,
mugi kersa maringi kawicaksanan
dhateng kawula, supados saged ngerèh
umat Paduka kalayan adil, saged
mbédakaken pundi ingkang saé, lan
pundi ingkang awon. Menawi mboten
mekaten, kadospundi enggèn kawula
saged ngerèh umat Paduka ingkang
ageng menika?"
10 Panyuwuné Suléman mau gawé
renaning penggalihé Pangéran,
11 mulané Allah banjur ngandika,
"Sarèhné kowé nyuwun kawicaksanan

supaya bisa ngerèh klawan adil, lan ora
nyuwun umur dawa, utawa kasugihan
kanggo awakmu dhéwé, utawa teluké
mungsuh-mungsuhmu,
12 mulané panyuwunmu bakal
Daksembadani. Kowé bakal
Dakdadèkaké wong sing wicaksana lan
sing luwih dhuwur kawruhé ketimbang
karo sakèhé wong sing urip sadurungé
lan sawisé kowé.
13 Malah apa sing ora koksuwun pisan
bakal Dakparingaké marang kowé,
yakuwi sajegmu urip kowé bakal sugih
lan kajèn kéringan, ngluwihi raja-raja
liyané ing endi waé.
14 Yèn kowé nglakoni dhawuh-dhawuh-
Ku lan manut marang pepakon-pepakon-
Ku kaya bapakmu Dawud, kowé bakal
Dakparingi umur dawa."
15 Bareng Suléman wungu ngerti yèn
Gusti Allah wis ngandikani sajroning
impèn. Mula banjur tindak menyang
Yérusalèm, jumeneng ana ing ngarepé
Pethi Prejanjiané Allah lan nyaosaké
kurban obongan lan kurban keslametan.
Sawisé mengkono banjur nganakaké
pésta kanggo para punggawané.

16 Ing sawijining dina ana wanita
tuna susila loro sowan ngadhep Raja
Suléman.
17 Sing siji matur mengkéné, "Dhuh
Sang Prabu, kula lan tiyang èstri menika
manggèn sagriya. Mboten wonten tiyang
sanès ingkang wonten ing ngriku.
Sawetawis wekdal kepengker kula
gadhah laré jaler. Let kalih dinten tiyang
èstri menika inggih nglairaken laré jaler.
18 (3:17)
19 Ing setunggaling dalu, nalika kula
ngleresi sami tilem, tiyang èstri menika
nindhihi anakipun ngantos pejah.
20 Tengah dalu salebetipun kula
taksih tilem, piyambakipun tangi
lajeng mendhet anak kula saking sisih
kula. Anak kula dipun sèlèhaken ing
petilemanipun, déné bayi ingkang
sampun pejah dipun sèlèhaken ing
petileman kula.
21 Énjingipun nalika kula tangi lan
badhé nesepi ketingal laré wau sampun
pejah. Sareng kula tamataken ketitik
bilih menika sanès anak kula."
22 Nanging wong wadon sijiné nyauri,
"Goroh! Sing urip iki anakku, bayimu
sing mati kuwi!" Wong wadon sing

kapisan mangsuli, "Ora, sing mati
kuwi anakmu, sing urip anakku!" Kaya
mengkono wong loro mau padha padu
ing ngarsané Sang Prabu.
23 Raja Suléman banjur ngandika,
"Kowé wong loro padha ngaku yèn bayi
sing urip kuwi anakmu, lan sing mati
dudu."
24 Sawisé ngandika mengkono Sang
Prabu nuli utusan wong njupuk pedhang.
25 Banjur ngandika marang wong mau,
"Bayi sing urip kuwi sigaren dadi loro
lan wènèhna marang wong loro separo
édhang."
26 Krungu dhawuhé Sang Prabu mau,
wong wadon sing pancèn embokné
bayi sing urip matur, "Dhuh Sang
Prabu, nyuwun pangapunten, anak
kawula sampun ngantos dipun pejahi.
Kaparingna dhateng tiyang èstri menika
kémawon." Aturé sing mengkono mau
merga saka tresnané marang anaké.
Nanging wong wadon sijiné matur,
"Inggih leres, dipun sigar dados kalih
kémawon, supados kawula tiyang kalih
sami-sami mboten nggadhahi."

27 Suléman banjur ngandika, "Bayiné
aja dipatèni. Pasrahna marang wong
wadon sing kapisan. Kuwi embokné."
28 Nalika umat Israèl krungu putusané
Raja Suléman sing mengkono mau, wong
kabèh padha gumun, wedi lan urmat
marang panjenenganè, merga cetha yèn
Gusti Allah wis paring kawicaksanan
marang Suléman, mula bisa mutusi
prekara klawan adil.

4 1 Raja Suléman ngerèh sabangsa
Israèl kabèh.
2 Para punggawané Suléman sing
dhuwur pangkaté yakuwi: Imam-imam:
Zadok, Azaria bin Zadok, Abiatar.
Sèkretaris kedhaton: Yosafat bin Ahilud.
Panglima tentara: Benaya bin Yoyada.
Penggedhéné para bupati: Azaria bin
Natan. Penaséhat raja: Imam Zabud bin
Natan. Penggedhé urusan kedhaton:
Ahisar. Penggedhé urusan karya negara:
Adoniram bin Abda.
3 (4:2)
4 (4:2)
5 (4:2)
6 (4:2)
7 Suléman ngangkat bupati rolas kanggo
ngerèh satanah Israèl kabèh. Kuwajibané

para bupati mau nglumpukaké saka
daérahé dhéwé-dhéwé pangan kanggo
dhaharé Sang Prabu lan para wargané
kedhaton. Carané giliran, saben bupati
diwajibaké netepi gilirané setaun
sepisan, lawasé sesasi.
8 Bupati rolas mau diawasi déning
sawijining penggedhé. Iki daftaré
para bupati lan wilayahé: Bènhur,
bupati kanggo wilayah pegunungan
Éfraim. Bèn Dèkèr, kanggo kutha-kutha
Makas, Saalbim, Bèt-Sèmès, Élon,
Bèthanan. Bènhèsèd, bupati kanggo
kutha-kutha Arubot, Sokho, lan daérah
Hèfèr kabèh. Bèn Abinadab, garwané
Tafat, putra putriné Suléman, bupati
kanggo daérah Dhor. Baana bin Ahilud,
bupati kanggo kutha-kutha Taanak,
Megido, daérah Bèt-Séan kabèh, daérah
sacedhaké kutha Sartan, sakidulé kutha
Yésreèl, tekan kutha Abèl-Mehola tekan
Yokméam. Bèn Gèber, bupati kanggo
kutha Ramot ing Giléad, pedésan-
pedésan ing Giléad, duwèké trah Yair
anak-turuné Manasyè, daérah Argob ing
Basan sing ana kuthané gedhé sewidak
nganggo bètèng lan lawang-lawangé
nganggo palang prunggu. Ahinadab bin

Idho, bupati kanggo daérah Mahanaim.
Ahimaas, garwané Basmat, putra putriné
Suléman, bupati kanggo daérah Naftali.
Baana bin Husai, bupati kanggo daérah
Asyèr lan kutha Alot. Yosafat bin Paruah,
bupati kanggo daérah Isakar. Simèi bin
Éla, bupati kanggo daérah Bènyamin.
Gèber bin Uri, bupati kanggo daérah
Giléad, tilas jajahané Sihon, raja Amori
lan Og, raja Basan.
9 (4:8)
10 (4:8)
11 (4:8)
12 (4:8)
13 (4:8)
14 (4:8)
15 (4:8)
16 (4:8)
17 (4:8)
18 (4:8)
19 (4:8)
20 Cacahé rakyat Yéhuda lan Israèl akèh
banget, presasat wedhi ing sapinggiring
segara. Uripé seneng, pangan lan
ombèn-ombèné turah-turah.
21 Bangsa-bangsa kabèh, wiwit saka
Bengawan Éfrat tekan Filistia lan tapel
watesé tanah Mesir, klebu jajahané Raja

Suléman. Bangsa-bangsa mau padha
teluk lan padha mbayar pajeg marang
Raja Suléman.
22 Saosan dhahar kagem Sang Prabu
Suléman kuwi saben dina rupa glepung
trigu alus 5.000 liter, glepung trigu kasar
10.000 liter,
23 sapi kandhang sepuluh, sapi
pangonan rong puluh, wedhus gèmbèl
satus. Kejaba kuwi iya menjangan,
kidang, menjangan-tutul karo kéwan
iberan sing dilelemu.
24 Kabèh tanah sakuloné Bengawan
Éfrat, saka Tifsah tekan sakuloné kutha
Gaza adoh klebu jajahané Raja Suléman.
Raja sakuloné Bengawan Éfrat kabèh
teluk marang Raja Suléman lan negara
ing kiwa-tengené kabèh padha rukun
karo panjenengané.
25 Sajroné Sang Prabu isih sugeng
rakyat ing Yéhuda lan Israèl uripé padha
ayem lan tentrem. Saben brayat padha
duwé kebon anggur lan kebon zaitun.
26 Raja Suléman kagungan tentara
jaranan rolas èwu, lan jarané sing diingu
ing kandhang kanggo narik kréta ana
patang puluh èwu.

27 Para bupati giliran saben sasi nyaosi
kabutuhané kanggo dhaharé wong
saisiné kedhaton, nganti padha ora
kekurangan apa-apa.
28 Saben bupati uga nyaosi jewawut lan
damèn kanggo jarané Sang Prabu kabèh,
jaran tunggangan lan jaran sing kanggo
narik kréta. Pakané kéwan-kéwan mau
diteraké menyang kandhang-kandhangé,
miturut kabutuhané.
29 Raja Suléman kaparingan
kawicaksanan déning Allah lan kawruh
sing muluk-muluk sarta pangertèn sing
jero banget.
30 Ing negara-negara sisih Wétan lan
ing Mesir ora ana wong sing kapinterané
ngungkuli Raja Suléman.
31 Panjenengané wong sing pinter
dhéwé, ngungkuli Étan wong Ézrahi,
Kalkol lan Darda anak-anaké Mahol.
Asmané Raja Suléman misuwur ing
negara-negara sakiwa-tengené.
32 Pitutur sing dikarang déning
Raja Suléman ana telung èwu, lan
nyanyian-nyanyiané luwih saka sèwu.
33 Panjenengané ngarang nyanyian bab
wit-witan lan tanduran-tanduran, bab
cemara ing Libanon tekan suket hisop

sing thukul ing témbok-témbok watu. Uga bab kéwan-kéwan, kayata sato iberan, kéwan sing mbrangkang tekan iwak-iwak pisan.

34 Raja-raja sajagad padha mireng bab kapinterané Raja Suléman, mula padha ngutus utusan supaya padha nyinau kawicaksanané.

5 1 Hiram, raja Tirus kuwi selawasé memitran karo Raja Dawud. Mulané nalika mireng yèn Suléman jumeneng raja nggentèni ramané, Raja Hiram nuli ngutus utusan marang Suléman.

2 Suléman uga kirim wangsulan marang Raja Hiram, surasané,

3 "Raja Hiram ingkang minulya! Panjenengan temtunipun inggih sampun pirsa, bilih Raja Dawud, bapak kula asring kedah perang nglawan mengsah saking negari sakiwa-tengenipun. Menika njalari bapak mboten kober yasa papan kanggé ngibadah dhateng Pangéran, Allahipun, awit Allah dèrèng nelukaken mengsahipun sedaya.

4 Nanging samenika Gusti Allah sampun paring katentreman wradin sanegari kula sedaya. Mboten wonten ingkang sengit

dhateng kula, lan bebaya perang saking
njawi inggih mboten wonten.
5 Gusti Allah sampun prejanji mekaten
dhateng bapak kula Dawud, ‘Anakmu
sing bakal kokangkat dadi raja nggentèni
kowé kuwi sing bakal yasa papan
pangibadah kanggo Aku.’ Pramila,
panjenenganipun Raja Hiram ingkang
minulya, kula, Suléman gadhah niyat
badhé yasa papan pangibadah menika.
6 Panjenenganipun Sang Prabu
temtunipun sampun pirsa, bilih tiyang-
tiyang kula sami mboten gadhah
kaprigelan negor kajeng kados tiyang-
tiyang panjenengan. Pramila kula
nyuwun keparenga Sang Prabu utusan
negor kajeng cemara ing Libanon kanggé
kula. Tiyang-tiyang kula kajengipun
sami mbantu lan sepinten ragad ingkang
panjenengan kersakaken kanggé mbayar
tiyang-tiyang panjenengan badhé kula
aturaken."
7 Raja Hiram kanthi bungah nampa
layangé Suléman. Pangandikané,
"Pinujia asmané Pangéran, kang wis
paring putra marang Dawud, sing
semono wicaksanané, dadi rajané
bangsa sing gedhé."

8 Hiram banjur genti ngaturaké
layang, surasané, "Kula sampun
nampi paringipun serat, lan wosipun
kula sarujuk. Kula badhé nyawisaken
kajeng cemara saking Libanon lan
kajeng cemara limrah sepinten ingkang
panjenengan kersakaken.
9 Tiyang-tiyang kula badhé ngusung
kajeng-kajeng menika saking Libanon
dhateng seganten. Wonten ing ngriku
kajeng-kajeng wau badhé karakit
sarta kakéntiraken urut pesisiré
seganten dhateng panggènan ingkang
panjenengan kersakaken. Rakit-rakit
wau sesampunipun dipun udhari
tangsulipun lajeng badhé dipun
pasrahaken dhateng tiyang-tiyang
panjenengan, ingkang badhé ngurus
selajengipun. Kula namung nyuwun
supados panjenengan kersa nyawisaken
tedhanipun tiyang-tiyang kula."
10 Dadi Raja Hiram nyaosi sakèhé kayu
cemara Libanon lan kayu cemara lumrah
sing dikersakaké déning Raja Suléman.
11 Lan kanggo pangané wong-wongé
Raja Hiram, Raja Suléman saben taun
ngaturi marang Raja Hiram gandum

rong juta kilogram lan lenga zaitun tulèn
patang atus èwu liter.
12 Gusti Allah netepi janjiné lan paring
kawicaksanan marang Suléman. Raja
Hiram lan Raja Suléman padha dadi
mitra kenthel lan sekaroné padha gawé
prejanjian nyambut-gawé bebarengan.
13 Raja Suléman nekakaké wong lanang
30.000 kadhawuhan nyambut gawé
kanggo negara,
14 lan Adoniram diangkat dadi
pengawasé. Wong-wong mau dipérang-
pérang déning Suléman dadi telung
golongan, saben golongan wong sepuluh
èwu. Golongan telu mau digilir, sesasi
nyambut-gawé ing Libanon lan rong sasi
ana ing omah.
15 Raja Suléman uga nekakaké wong
80.000 kanggo natah watu ana ing
gunung lan wong 70.000 kanggo mikuli
watu-watu mau.
16 Raja Suléman uga ngangkat mandhor
3.300 kanggo ngawasi pegawéan mau
kabèh.
17 Atas dhawuhé Suléman wong-wong
padha natah watu gedhé-gedhé sing élok
kanggo pondhasiné Pedalemané Allah.

18 Mengkono para tukangé Raja
Suléman lan para tukangé Raja Hiram
sarta wong-wong saka kutha Gebal
enggoné padha nyawisaké watu lan kayu
kanggo yasa Pedalemané Allah.

6 1 Nalika sasi Ziw, yakuwi sasi
kapindho, taun kapaté pepréntahané
Raja Suléman, patang atus wolung
puluh taun sawisé bangsa Israèl metu
saka tanah Mesir, Suléman miwiti yasa
Pedalemané Allah.
2 Ukurané sisih njero mengkéné:
dawané 27 mèter, ambané 9 mèter,
dhuwuré 13,5 mèter.
3 Èmpèré ngarep ambané 4,5 mèter,
dawané 9 mèter, padha karo ambané
gedhong.
4 Témboké gedhong mau ana jendhéla-
jendhélané nganggo krépyak.
5 Nèmplèk ing témbok sisih mburi
lan kiwa-tengen digawé kamar-kamar
tambahan sungsun telu, saben sungsun
dhuwuré 2,2 mèter.
6 Kamar ngisor dhéwé ambané 2,2
mèter, kamar ndhuwuré 2,7 mèter lan
kamar sungsun kateluné 3,1 mèter.
Témboké sing ngisor luwih kandel
tinimbang témbok kamar ndhuwuré,

mula balok-balok kamar tambahan kuwi
kena dipasang tanpa mbobok témbok
gedhong mau.
7 Watu-watu sing arep dienggo gedhong
kuwi wis digarap ing panggonané njupuk
watu-watu mau. Mulané, nalika gedhong
mau didegaké babar-pisan ora ana
swarané wong migunakaké palu, wadung
utawa piranti wesi liyané.
8 Lawangé kamar-kamar tambahan
sing ngisor dhéwé diprenahaké ing sisih
Kidul gedhong lan ing kono ana andha
menyang sungsun kapindho lan sungsun
katelu.
9 Gedhongé dipasangi pyan saka blabag
lan glogor kayu cemara Libanon. Kaya
mengkono Suléman enggoné yasa
Pedalemané Allah nganti rampung.
10 Uga kamar-kamar tambahan sungsun
telu sing didegaké mèpèt karo témboké
Pedaleman sing sisih njaba, sing
dibangun nganggo balok-balok kayu
cemara Libanon.
11 Gusti Allah nuli ngandika marang
Suléman,
12 "Yèn kowé nglakoni pepakon-
pepakon-Ku lan dhawuh-dhawuh-Ku,

Aku bakal netepi janji-Ku marang
bapakmu Dawud.
13 Aku bakal dedalem ana ing
pedaleman sing kokyasa iki lan selawasé
ana ing tengahé umat-Ku Israèl.
Umat-Ku ora bakal Daktinggal."
14 Suléman enggoné yasa Pedalemané
Allah kuwi caranké mengkéné:
15 Témbok sing sisih njero kabèh dilapisi
nganggo kayu cemara Libanon, jrambah
tekan pyané pisan. Mung jrambahé
digawé saka kayu cemara lumrah.
16 Gedhong mau bagéan sing mburi
disingget kanggo kamar, singgetané
digawé saka blabag cemara, wiwit saka
jrambah tekan pyan-pyané. Kamar mau
disebut Papan Mahasuci; dawané 9
mèter.
17 Kamar ngarepé Papan Mahasuci
dawané 18 mèter.
18 Sarèhné témboké gedhong sing
sisih njero kabèh dilapisi kayu cemara
Libanon, mula watu-watuné ora katon
babar-pisan. Lapisan mau dihias
nganggo ukiran nggambaraké woh-woh
labu lan kembang-kembang sing lagi
mekar.

19 Papan Mahasuci kuwi bakal kanggo
ndokok Pethi Prejanjiané Allah.
20 Kamar mau dawané, ambané lan
dhuwuré 18 mèter. Mesbèhé digawé saka
kayu cemara Libanon. Lawangé kamar
mau dilapisi emas murni. Kabèh kamar
ing Pedalemané Allah sing sisih njero
dilapis emas, mengkono uga mesbèhé.
21 (6:20)
22 (6:20)
23 Ing Papan Mahasuci didokoki ukiran
malaékat kerub[d] loro sing digawé saka
kayu zaitun; dhuwuré 4,4 mèter,
24 ukuran lan rupané padha. Saben
kerub ana swiwiné, sing dawané 4,4
mèter.
25 (6:24)
26 (6:24)
27 Kerub mau diprenahaké adhep-
adhepan, mula swiwiné sing siji nggepok
témbok, sing sijiné padha gathuk ing
tengahé kamar mau.
28 Kerub loro-loroné dilapis emas.
29 Témbok-témbok ing Pedalemané
Allah sing sisih njero dihias kabèh
nganggo gambar ukiran malaékat-

---

[d]kerub: malaékat.

malaékat nganggo swiwi, wit palem lan
kekembangan.
30 Tekan jrambahé Pedaleman iya
dilapisi emas.
31 Lawang menyang Papan Mahasuci
inebé digawé saka kayu zaitun.
Bagéan sing ndhuwur tengahé digawé
mlengkung.
32 Inebé lawang mau loro-loroné dihias
nganggo ukiran malaékat nganggo
swiwi, wit palem lan kekembangan.
Inebé lawang, ukiran malaékat lan
ukir-ukiran liyané, sarta wit-witané
palem kabèh dilapis emas.
33 Kusèn-kusèné lawang kamar gedhé
sing ngarep diwènèhi lis majupat,
kagawé saka kayu zaitun.
34 Inebé lawang loro-loroné digawé
saka kayu cemara lumrah; saben ineb
mau digawé lempitan,
35 lan dihias nganggo ukiran malaékat-
malaékat, wit palem lan kembang-
kembangan. Ukir-ukiran mau kabèh
dilapis emas.
36 Ing ngarepé Pedalemané Allah
ana platarané. Plataran mau diubengi
témbok, dilapis nganggo watu, diselingi
lapisan kayu cemara Libanon, saben

telung bagéan lapisan watu diselingi
nganggo kayu cemara.
37 Suléman enggoné yasa Pedalemané
Allah nganti sarampungé lawasé pitung
taun. Pondhasiné dipasang ing sasi
Ziw, yakuwi sasi kapindho, taun kapaté
Suléman jumeneng raja,
38 rampungé ing sasi Bul, yakuwi sasi
kawolu, taun kasewelasé Suléman
ngasta hepréntahan, cèples karo
rancangané.

7 1 Suléman uga yasa kedhaton kagem
piyambak. Lawasé yasa telulas taun.
2 Ing kedhaton mau ana bangsal sing
disebut "Bangsal Alas Libanon".[e] Bangsal
mau dawané 44 mèter, ambané 22
mèter lan dhuwuré 13,5 mèter. Ing kono
ana cagaké telung larik, sing digawé
saka kayu cemara Libanon; saben
larik cagaké limalas. Usuké uga kayu
cemara Libanon. Usuk-usuk mau ditutupi
nganggo pyan, kang uga kagawé saka
kayu cemara Libanon.
3 (7:2)

---

[e]Bangsal Alas Libanon: Menika kagem upacara-upacara resmi. Dipun sebut mekaten kanggé ngaosi wana Libanon, ingkang dados sumberipun kajeng éndah, ingkang kanggé yasa kedhaton manika.

4 Témboké bangsal mau kiwa-
tengen ana jendhélané telung larik,
adhep-adhepan Lawang-lawang lan
jendhéla-jendhéla mau nganggo wengku
pesagi dawa.
5 (7:4)
6 Suléman uga yasa "Bangsal Saka,"
dawané 22 mèter, ambané 13,5 mèter.
Ing ngarepé bangsal ana èmpèré,
nganggo payon lan cagak-cagak.
7 Bangsal liyané yakuwi "Bangsal
Dhampar," sing iya disebut "Bangsal
Pengadilan". Bangsal mau saka jrambah
tekan usuk-usuké dilapis nganggo
kayu cemara Libanon. Ana ing bangsal
kono Suléman ngadili wong sing padha
prekaran.
8 Pedalemané Suléman dhéwé digawé
kaya gedhong-gedhong liyané ana ing
samburiné "Bangsal Pengadilan". Kanggo
garwané, putri Mesir, Suléman yasa
dalem padha karo dalemé dhéwé.
9 Gedhong-gedhong mau kabèh
semono uga plataran é digawé saka
watu-watu sing apik banget. Watu-watu
mau penggarapané diiras ana ing
panggonané. Ana ing kana watu-watu
mau dikethoki miturut ukuran sarta

diratakaké ngarep mburi nganggo
grénda.
10 Mengkono uga watu-watu sing
kanggo pondhasi digarap ana ing
panggonané njupuk watu-watu mau,
ana sing dawané telu setengah mèter,
ana sing patang mèter.
11 Sandhuwuré pondhasi dipasangi
watu-watu liyané sing dikethok miturut
ukuran, banjur dilapisi kayu cemara
Libanon.
12 Plataranè kedhaton, plataranè
Pedalemané Allah lan èmpèran ngarep
dikubengi témbok sing dilapis nganggo
watu, saben témbok telung lapisan watu
diselingi salapisan kayu cemara Libanon.
13 Suléman utusan methuk wong lanang
jeneng Huram saka kutha Tirus. Wong
kuwi tukang ngukir-ukir barang-barang
saka prunggu.
14 Jenaté bapakné biyèn iya tukang
ukir barang-barang saka prunggu ing
Tirus lan ibuné wong saka taler Naftali.
Huram kuwi wong sing ahli temenan
lan akèh pengalamané ing babagan
kagunan ukir-ukiran. Mula Huram
didhawuhi ngepalani sakèhé pegawéan

sing migunakaké bahan prunggu, lan
Huram dhéwé iya saguh.
15 Huram nyithak cagak loro saka
prunggu, siji-sijiné dhuwuré 8 mèter lan
gedhéné 5,3 mèter; kandelé 7,4 sènti
mèter. Cagak-cagak mau kothong, tanpa
isi. Uga nyithak endhasé cagak loro saka
prunggu, siji-sijiné dhuwuré 2,2 mèter.
Endhas prunggu mau dipasang ing
sandhuwuré cagaké, Péranganė endhas
mau sing ndhuwur 1,8 mèter, direngga
nganggo ukiran kembang bakung. Ing
sangisoré direngga nganggo ukiran ranté
sing dinam, lan woh dlima rong larik.
Saben cagak endhasé ana ukirané woh
dlima rong atus. Rerenggan mau kabèh
kagawé saka prunggu.
16 (7:15)
17 (7:15)
18 (7:15)
19 (7:15)
20 (7:15)
21 Endhasé cagak sing direngga mau
dipasang ana ing sandhuwuré cagaké,
sing dipapanaké ana ing ngarep lawang
Pedalemané Allah. Cagak sing ana ing

sisih Kidul dijenengaké Yakhin,[f] lan
sijiné, ing sisih Lor dijenengaké Boas.[g]
Sawisé cagak-cagak mau dipasang,
penggarapé cagak-cagak wis rampung.
22 (7:21)
23 Huram banjur gawé kulah[h] bunder
saka prunggu, ukurané mengkéné:
jeroné 2,2 mèter, garis tengahé 4,4
mèter lan ubengé 13,2 mèter.
24 Sisih njabané kulah mau direngga
nganggo ukiran woh labu, sing dicithak
bebarengan karo kulahé.
25 Kulah mau didokokaké ing gegeré
rerékan sapi rolas saka prunggu, sing
padha madhep metu, saben sapi telu
madhepé padha.
26 Kandelé kulah mau 75 mili mèter.
Pinggirané kulah digawé kaya lambé
cangkir, mlengkung metu, mulané
rupané kaya kembang bakung sing lagi
mekar. Kulah mau cukup diisèni banyu
40.000 liter.

---

[f] Yakhin: Basa Ibrani: Panjenenganipun maringi kekiyatan.

[g] Boas: Basa Ibrani: Kekiyatan.

[h] kulah: bak (bhs. Ind.).

27 Huram uga yasa kréta sepuluh saka
prunggu. Siji-sijiné dawané lan ambané
1,8 mèter, dhuwuré 1,3 mèter.
28 Ing ndhuwuré ana blabag pesagi,
nganggo wengku.
29 Blabag-blabag mau direngga
nganggo gambar singa, sapi lan
malaékat-malaékat. Wengku mau
ngisor ndhuwur ana gambaré singa
lan sapi lan ana rerenggané ukiran
kembang-kembangan.
30 Rodhané kréta-kréta mau papat,
digawé saka prunggu, semono uga
indhèné.[i] Ing pojok-pojoké kréta lan
cagak sing nyangga payon, uga saka
prunggu; sisih-sisihé dihias nganggo
kembangan.
31 Ing sandhuwuré cagak-cagak
mau ana wengkuné bunder kanggo
wadhah kuwali. Wengkuné dhuwuré
66 sènti mèter, sing 44 sènti mèter
ing sandhuwuré blabag, sing 22 sènti
mèter ing sangisoré. Wengku mau uga
diukir-ukir.
32 Rodhané dhuwuré 66 sènti mèter,
kaprenah ing sangisoré blabag-blabag.
Indhèn, rodha lan krétané dadi siji.

---

[i]indhèn: poros (bhs. Ind.).

33 Rodha-rodha mau rupané kaya rodha
kréta perang. Wengkuné rodha, ruji,
indhèn lan panggonané indhèn kabèh
digawé saka prunggu.
34 Saben pojoké kréta sisih ngisor ana
cekelané papat, dadi siji karo krétané.
35 Ing kréta mau sing ndhuwur, mubeng
ana pinggirané, ambané rong puluh
sènti mèter. Cagak sing nyangga lan
blabag-blabagé kabèh dadi siji karo
krétané.
36 Cagak-cagak sing nyangga lan
blabag-blabag kabèh endi sing sela,
dihias nganggo malaékat-malaékatan,
singa, lan wit palem, déné sakiwa-
tengené diwènèhi kembang-kembangan.
37 Kaya mengkono enggoné gawé
kréta-kréta mau. Gedhéné lan wanguné
padha kabèh.
38 Huram uga gawé jembangan gedhé
sepuluh, kanggo saben kréta siji.
Jembangan mau garis tengahé 1,8 mèter
lan amot banyu wolung atus liter.
39 Huram ndokokaké kréta lima ana ing
sakidulé Pedalemané Allah, sing lima ing
saloré. Déné kulahé prunggu didokokaké
ing pojok sisih Kidul-wétan.

40 Huram uga gawé kwali-kwali,
penyodhok-penyodhok[j] lan pengaron-
pengaron. Sawisé kuwi mau kabèh
rampung, pegawéané Huram wis
rampung babar-pisan. Prabot-prabot
sing digawé déning Huram kuwi daftaré
mengkéné: Cagak gedhé loro. Endhas
cagak loro, ditumpangaké ing ndhuwuré
cagak loro mau. Ranté nam-naman
ing saben endhas cagak. Dlima saka
prunggu patang atus, sing dipasang dadi
rong larik, saben larik ana dlimané satus
ngubengi nam-naman ranté, sing ana
ing saben endhasé cagak. Kréta sepuluh.
Kwali gedhé sepuluh. Kulah prunggu.
Sapi prunggu rolas sing nyangga kulah
mau. Kwali-kwali, sorok-sorok lan
pengaron-pengaron. Kuwi kabèh prabot
kanggo ing Pedalemané Allah sing
digawé déning Huram saka prunggu atas
dhawuhé Raja Suléman, kabèh digosok
nganti gilap.
41 (7:40)
42 (7:40)
43 (7:40)
44 (7:40)
45 (7:40)

---

[j]penyodhok-penyodhok: sorok.

46 Prabot mau kabèh dicithak manut
dhawuhé Sang Prabu ana ing pangecoran
logam, ing antarané Sukot lan Zartan
ing Lebak Yardèn.
47 Suléman ora dhawuh nimbang prabot
mau kabèh, merga saka aboté. Mulané
pira boboté barang-barang mau ora ana
sing ngerti.
48 Suléman iya dhawuh gawé prabot
saka emas kanggo Pedalemané Allah,
yakuwi wujud: Mesbèh. Méja kanggo
roti saosan marang Allah. Cagak lampu
sepuluh, sing didegaké ing ngarepé
Papan Mahasuci, lima ing sisih Kidul lan
lima ing sisih Lor. Kembang-kembangan.
Lampu-lampu. Japit-japit. Mangkok-
mangkok. Piranti kanggo matèni
lampu. Pengaron-pengaron. Anglo-
anglo. Èngsèl-èngsèl kanggo lawangé
Papan Mahasuci lan lawang-lawangé
Pedalemané Allah sing sisih njaba.
49 (7:48)
50 (7:48)
51 Sawisé Raja Suléman ngrampungaké
sakèhé pegawéan sing kanggo
Pedalemané Allah banjur nyimpen
sakèhé slaka, emas lan barang-
barang liyané sing disaosaké déning

Raja Dawud, marang Allah ana ing
gudhang-gudhangé Pedalemané Allah.

8

1 Sawisé mengkono Raja Suléman
banjur nimbali para pemimpiné
taler-taleré bangsa Israèl sowan marang
panjenengané ing Yérusalèm. Ing kono
padha didhawuhi njupuk Pethining
Prejanjian saka Silo supaya digawa
menyang Pedalemané Allah.
2 Nalika mbeneri dina Riaya Tarub
Godhong ing sasi Etanim, yakuwi
sasi kapitu, wong kabèh mau padha
nglumpuk.
3 Para imam banjur padha mikul Pethiné
Prejanjian,
4 digawa menyang Pedalemané Allah.
Kémah Palenggahané Allah sapraboté
kabèh iya dielih déning para wong Lèwi
lan para imam menyang Pedalemané
Allah.
5 Raja Suléman lan rakyat Israèl kabèh
padha nglumpuk ing ngarepé Pethi
Prejanjian mau sarta saos kurban
marang Allah rupa wedhus lan sapi akèh
banget, nganti ora kena diétung.
6 Sawisé mengkono para imam banjur
nggawa Pethining Prejanjian mlebu ing

Pedalemané Allah, didokok ing Papan
Mahasuci, ing sangisoré reca kerub.
7 Swiwiné kerub-kerub kuwi nutupi
Pethi mau dalah pikulané sing dienggo
ngusung.
8 Kayuné pikulan sing kanggo ngusung
mau samasa dideleng saka ngarepé
Papan Mahasuci kari katon pucuké. Kayu
pikulan mau tekan sepréné isih ana.
9 Pethining Prejanjian mau wis ora
ana isiné kejaba blébékan watu loro.
Watu-watu mau dilebokaké ing kono
déning Musa, yakuwi nalika Gusti Allah
nganakaké prejanjian karo bangsa Israèl
ing Gunung Sinai, sawisé bangsa Israèl
metu saka tanah Mesir.
10 Kacrita bareng para imam wis
padha metu, Pedalemané Allah mau
dumadakan kebak méga,
11 sing mretandhani yèn kamulyané
Allah tedhak ing kono, mula para imam
ora bisa mlebu nindakaké tugasé ing
Pedalemané Allah.
12 Suléman banjur ndedonga
mengkéné: "Dhuh Pangéran, inggih
Paduka ingkang nitahaken surya ing
akasa, éwasemanten milih dedalem ing
petenging méga.

13 Panggènan menika kawula yasa
kagem Allah, dadosa dalem lan papan
palenggahan Paduka."
14 Raja Suléman banjur genti
ngadhepaké rakyat kang padha ngadeg
ing kono, nuli maringaké berkahé Allah
kanggo wong-wong mau,
15 pangandikané, "Dhèk biyèn Gusti
Allah janji marang Dawud, bapakku
mengkéné, ‘Wiwit nalika Aku ngirid
umat-Ku metu saka tanah Mesir, ora
ana panggonan siji-sijia ing Israèl sing
Dakpilih, supaya ing kono diyasana omah
pangibadah kanggo nyembah marang
Aku. Nanging kowé, Dawud, wis Dakpilih
mréntah umat-Ku.’ Pinujia Pangéran,
Allahé Israèl kang wis netepi janjiné!"
16 (8:15)
17 Sabanjuré Suléman ngandika,
"Bapakku Dawud wis ngrancang
arep yasa dalem pangibadah kagem
Pangéran, Allahé Israèl.
18 Nanging Pangéran ngandika marang
Dawud, ‘Karepmu kuwi becik,
19 mung dudu kowé, nanging anakmu
sing bakal yasa Pedaleman-Ku.’"
20 "Lah, saiki Pangéran wis netepi
janjiné. Aku wis dadi raja ing Israèl

nggentèni bapakku, lan aku wis yasa
pedaleman kagem Pangéran, Allahé
Israèl.
21 Ing pedaleman iki aku wis nyawisaké
papan kanggo Pethi Prejanjiané Allah.
Kita padha ngerti yèn ing njero Pethi
kuwi ana blébékan watu loro sing
katulisan Prejanjiané Allah karo para
leluhur kita nalika Panjenengané ngirid
para leluhur mau metu saka tanah
Mesir."
22 Sawisé mengkono, Suléman nuli
jumeneng ngadhepaké mesbèh karo
ngangkat astané loro pisan, dideleng
déning umat Israèl kabèh,
23 sarta ndedonga mengkéné, "Dhuh
Pangéran, Allahipun Israèl! Ing swarga
lan ing bumi mboten wonten allah kados
Paduka! Paduka netepi janji Paduka
sarta ngetingalaken sih Paduka dhateng
umat Paduka ingkang tansah setya saha
mbangun-turut dhateng Paduka.
24 Paduka sampun netepi janji Paduka
dhateng bapak kawula Dawud. Ing
dinten menika menapa ingkang
Paduka ngandikakaken sampun Paduka
leksanani.

25 Paduka sampun janji ugi dhateng
bapak kawula, bilih samasa anak-
turunipun saèstu mbangun-turut
dhateng Paduka kados piyambakipun,
temtu mboten pedhot-pedhot
enggènipun dados raja ing Israèl.
Samenika, dhuh Pangéran, Allahipun
Israèl, panyuwun kawula mugi sedaya
prekawis ingkang Paduka janjèkaken
dhateng bapak kawula Dawud, abdi
Paduka, inggih Paduka tetepi.
26 (8:25)
27 Nanging, dhuh Allah, menapa inggih
saèstu Paduka badhé dedalem wonten
ing bumi menika? Langit jembar mboten
badhé nyekapi kagem Paduka, menapa
malih griya pangibadah ingkang kawula
yasa menika!
28 Éwasemanten mugi kersa
miyarsakaken pandonganipun abdi
Paduka, dhuh Allah kawula, mugi karsa
nyembadani panyuwun kawula ing
dinten menika.
29 Mugi-mugi Paduka rinten lan dalu
kersa ngreksa dalem pangibadah,
ingkang sampun Paduka pilih badhé
Paduka agem menika. Samasa kawula
lan umat Paduka ndedonga sowan

dhateng Paduka ing dalem menika
mugi-mugi Paduka saking Pedaleman
Paduka ing swarga miyarsakaken lan
paring pangapunten.
30 (8:29)
31 Menawi wonten tiyang ingkang
kadakwa damel kalepatan dhateng
tiyang sanès lan kabekta ing Pedaleman
Paduka ngriki sarta sumpah bilih
piyambakipun mboten kalepatan,
32 dhuh Allah, mugi Paduka kepareng
miyarsakaken sarta mutusaken
prekawisipun para abdi Paduka
menika. Mugi ingkang lepat Paduka
dhawahi paukuman timbang kaliyan
kalepatanipun, sarta ingkang mboten
lepat kaluwarana.
33 Samasa umat Paduka Israèl
kakawonaken déning mengsah-
mengsahipun mergi saking dosa-
dosanipun, lajeng sami nyuwun tulung
dhateng Paduka sarta sowan ndedonga
ing Pedaleman Paduka ngriki, kalayan
ngasoraken manah sarta nyuwun
pangapunten dhateng Paduka,
34 mugi Paduka kersa miyarsakaken
saking swarga. Mugi Paduka kersa paring
pangapunten dhateng dosanipun umat

Paduka wau, lan ngirid umat Paduka
menika wangsul dhateng negari ingkang
sampun Paduka paringaken dhateng
para leluhuripun.
35 Saupami kelampahan Paduka mboten
maringi jawah mergi umat Paduka sami
nglampahi dosa, mangka lajeng sami
mratobat saking dosanipun sarta sowan
ing Pedaleman Paduka ngriki, sarta
sami ndedonga kalayan ngasoraken
manahipun ing ngarsa Paduka,
36 mugi Paduka saking swarga kersa
miyarsakaken. Mugi Paduka kersa
ngapunten dosa-dosanipun umat Paduka
Israèl sarta rajanipun. Mugi kawula sami
Paduka wulang nglampahi ingkang leres.
Sesampunipun mekaten, dhuh Allah,
mugi Paduka kersa ndhawahaken jawah
ing tanah peparing Paduka menika,
inggih tanah ingkang sampun Paduka
paringaken dhateng umat Paduka dados
gadhahanipun ing selami-laminipun.
37 Saupami ing negari menika wonten
paceklik utawi pageblug, utawi taneman-
taneman karisak déning angin bentèr,
ama utawi walang, utawi menawi umat
Paduka dipun lurugi perang déning
mengsah utawi déning sesakit,

38 mugi Paduka miyarsakaken
pandonganipun. Menawi saking
antawisipun umat Paduka Israèl wonten
ingkang manahipun sedhih lajeng
ndedonga dhateng Paduka sarta
ngangkat tanganipun madhep dhateng
Pedaleman Paduka menika,
39 mugi Paduka wonten ing swarga
kersa miyarsakaken sarta paring
pangapunten tuwin pitulungan. Namung
Paduka piyambak ingkang pirsa isining
manahipun manungsa. Pramila kersaa
nandukaken dhateng saben tiyang
miturut ing lampahipun,
40 supados umat Paduka ajrih sarta
mbangun-turut dhateng Paduka
selaminipun manggèn wonten ing negari
ingkang Paduka paringaken dhateng
para leluhuripun.
41 Saupami wonten tiyang ngamanca
ingkang manggèn ing negari sanès
mireng bab kamulyan Paduka sarta
mujijat-mujijat ingkang Paduka
tindakaken kanggé umat Paduka,
lajeng sami dhateng ing negari ngriki
saos pangabekti dhateng Paduka sarta
ndedonga ing Pedaleman Paduka
menika,

42 (8:41)
43 mugi saking Dalem Paduka ing
swarga Paduka kersa miyarsakaken
pandonganipun sarta nyembadani
panyuwunipun. Supados kados umat
Paduka Israèl, sedaya bangsa ing bumi
sami tepanga sarta mbangun-turuta
dhateng Paduka. Kaliyan malih sami
mangertosa, bilih dalem ingkang kawula
yasa menika papan pangibadah kagem
Paduka.
44 Saupami Paduka ndhawuhi umat
Paduka nglurug perang nglawan
mengsah, lajeng sami ndedonga,
wontena pundi kémawon papanipun,
kanthi madhep dhateng kitha ingkang
sampun Paduka pilih menika, saha
dhateng dalem ingkang sampun kawula
yasa kagem Paduka menika,
45 mugi Paduka saking swarga kersa
miyarsakaken pandonganipun, sarta
maringi kemenangan dhateng umat
Paduka.
46 Saupami umat Paduka sami damel
dosa, èstunipun mboten wonten tiyang
setunggal kémawon ingkang tanpa
dosa, lajeng mergi saking menapa,
Paduka négakaken umat menika ngantos

kelampahan dipun kawonaken déning
mengsah, lajeng sami dipun tawan
dhateng negari ingkang tebih utawi
celak.
47 Saupami ing negari wau umat menika
sadhar lan mratobat saèstu saking
dosa-dosanipun, lajeng kalayan ngakeni
dosa tuwin piawonipun, sami ndedonga
dhateng Paduka kanthi madhep dhateng
negari peparing Paduka dhateng leluhur
kawula, ngéblat dhateng kitha sarta
pedaleman ingkang sampun kawula yasa
kagem Paduka,
48 (8:47)
49 mugi saking Pedaleman Paduka ing
swarga Paduka kersa miyarsakaken
pandonganipun umat Paduka wau sarta
paring sih-piwelas.
50 Mugi Paduka ngapunten sedaya dosa
lan panerakipun, mugi kersa ngerèh
manahing mengsah-mengsahipun
supados nandukaken kasaénan dhateng
umat Paduka.
51 Tiyang-tiyang menika umat Paduka
piyambak, ingkang sampun Paduka
irid medal saking tanah Mesir, ingkang
presasat nraka menika.

52 Dhuh Allah, mugi Paduka tansah
kersa menggalih dhateng umat Paduka
Israèl sarta rajanipun. Sarta mugi
kersa miyarsakaken panyuwunipun
saben-saben umat Paduka sesambat
nyuwun tulung dhateng Paduka.
53 Tiyang-tiyang menika sampun Paduka
pilih saking antawisipun sedaya bangsa,
Paduka dadosaken umat kagungan
Paduka piyambak, kados ingkang Paduka
ngandikakaken piyambak lantaran abdi
Paduka Musa, nalika Paduka nuntun para
leluhur kawula saking tanah Mesir."
54 Mengkono pandongané Raja Suléman
sajroné sujud ing ngarepé mesbèh karo
ngegaraké astané munggah. Sawisé
mengkono banjur jumeneng lan
55 kanthi swara sora nyuwunaké
berkahé Allah kanggo wong sing padha
nglumpuk ana ing kono, pangandikané,
56 "Pinujia Allah kang wis paring
katentreman marang umat kagunganė
kaya sing wis dijanjèkaké lantaran Musa,
abdiné. Janjiné kuwi becik kabèh sarta
wis ditetepi.
57 Muga-muga Gusti Allah nunggil
karo kita kaya enggoné nunggil karo

para leluhur kita. Muga-muga Allah ora
négakaké marang kita,
58 lan ndadèkaké kita wong sing setya
marang Panjenengané, sarta tansah urip
manut ing kersané, apa déné nglakoni
sakèhé prenatan lan dhawuh-dhawuhé
sing wis diparingaké marang para leluhur
kita.
59 Muga-muga Pangéran Allah kita
tansah ènget marang sing dakaturaké
ing pandonga lan panyuwunku iki.
Muga-muga Panjenengané tansah
mberkahi umat Israèl lan rajané sarta
maringi apa sing padha dibutuhaké ing
sadina-dinané.
60 Srana mengkono saben bangsa ing
bumi bakal weruh yèn mung Pangéran
sing jumeneng Allah, lan ora ana liyané.
61 Mulané kowé sing dadi umat
kagungané, sing padha setya marang
Pangéran, Allah kita padha nindakna
prenatan-prenatan sarta nglakonana
dhawuh-dhawuhé, kaya sing padha
koklakoni ing dina iki."
62 Sawisé mengkono Raja Suléman
lan rakyat kabèh sing padha nglumpuk
ana ing kono padha nyaosaké kurban
marang Pangéran.

63 Raja Suléman nyaosaké kurban
keslametan rupa sapi 22.000 lan wedhus
120.000. Srana mengkono raja lan
umat Israèl kabèh nyaosaké papan
pangibadah mau marang Allah.
64 Ing dina kuwi uga Raja Suléman
nganakaké upacara nucèkaké plataran
sing ana ing ngarepé Pedalemané Allah.
Ing plataran mau Suléman nyaosaké
kurban obongan, kurban dhaharan,
lan gajihé kéwan kanggo kurban
kaslametan. Kurban-kurban disaosaké
ana ing kono merga mesbèh prunggu
keciliken yèn kanggo kurban-kurban
mau kabèh.
65 Ana ing Pedalemané Allah kono
Raja Suléman lan rakyat kabèh padha
nganakaké pésta Riaya Tarub Godhong
nganti pitung dina lawasé. Wong sing
nglumpuk ing kono akèh banget; saka
wilayah sisih Lor Dalan Hamat lan sisih
Kidul, yakuwi tapel watesé tanah Mesir.
66 Bareng nyandhak dina kaping woluné
Raja Suléman nglilani wong-wong padha
mulih. Sawisé padha nyaosi sugeng
marang Sang Prabu wong-wong mau
nuli padha mulih klawan bungahing
ati, merga sakèhing berkah sing wis

diparingaké déning Allah marang
Dawud, abdiné lan marang Israèl, umat
kagungané.

9

1 Bareng Suléman wis ngrampungaké
enggoné yasa Pedalemané Allah
lan kedhatoné sarta kabèh sing wis
dirancang,
2 Gusti Allah nuli ngetingal menèh
marang Raja Suléman, kaya dhèk ana
ing Gibéon biyèn.
3 Pangandikané Pangéran marang
Suléman, "Panyuwunmu wis
Daksembadani, mulané Pedaleman
sing kokyasa kuwi selawas-lawasé bakal
dadi panggonan suci kanggo ngibadah
marang Aku. Pedaleman kuwi selawasé
bakal Dakenggoni lan Dakreksa.
4 Yèn pangibadahmu klawan trus ing
ati kaya bapakmu Dawud, lan kowé
nglakoni prenatan-prenatan-Ku, sarta
nglakoni dhawuh-dhawuh-Ku,
5 Aku bakal netepi janji-Ku marang
bapakmu Dawud, yakuwi selawasé
anak-turuné bakal ora pedhot-pedhot
dadi raja ing Israèl.
6 Nanging yèn kowé utawa anak-
turunmu nyingkur marang Aku lan
ora nglakoni dhawuh-dhawuh-Ku sarta

prenatan-prenatan-Ku, apa menèh
nyembah marang allah-allah liyané,
7 Aku bakal mbuwang umat-Ku Israèl
saka tanah sing wis Dakparingaké. Lan
Pedaleman sing wis Daksucèkaké dadi
papan pangibadah marang Aku, kuwi
bakal Daktilar. Ana ing endi-endi wong
Israèl bakal dirèmèhaké lan dipoyoki
déning bangsa-bangsa.
8 Dalem pangibadah iki bakal
dijugrugaké nganti saben wong kang
liwat ing kono bakal gumun lan kagèt,
sarta padha takon-tinakonan ‘Yagéné
Allah tumindak mengkono marang
negara lan marang dalem pangibadah
iki?’
9 Pitakon mau bakal diwangsuli, ‘Merga
umaté wis padha nyingkur marang
Pangéran, Allahé, sing wis ngirid para
leluhuré metu saka tanah Mesir, lan
padha nyembah marang allah-allah
liyané. Kuwi sebabé Allah maringi
paukuman marang umaté.’"
10 Suléman enggoné yasa Pedalemané
Allah lan kedhatoné lawasé rong puluh
taun.
11 Sakèhé kayu cemara Libanon lan
kayu cemara lumrah sarta sakèhé emas

sing dibutuhaké kanggo bangunan mau,
kuwi sumbanganè Raja Hiram marang
Suléman. Bareng Suléman enggoné yasa
mau kabèh wis rampung, Raja Hiram
disaosi kutha rong puluh ing wilayah
Galiléa.
12 Raja Hiram mirsani kutha-kutha mau,
nanging penggalihé ora rena nampani
saosan mau.
13 Pangandikané marang Suléman,
"Sedhèrèk kula ingkang kinasih;
kokkados mekaten rupinipun kitha-kitha
ingkang panjenengan paringaken
dhateng kula?" Kuwi sebabé daérah kono
disebut "Kabul".[k]
14 Emas kirimané Raja Hiram marang
Suléman mau boboté 4.000 kilogram
luwih.
15 Suléman enggoné yasa Pedalemané
Allah, kedhaton, bètèng kutha lan
enggoné ngurug kutha sing sisih Lor
nganggo lemah, kuwi kabèh nganggo
tenagané rakyat sing diwajibaké.
Semono uga enggoné ngedegaké kutha
Hazor, Megido lan Gèzèr.
16 Kutha Gèzèr kuwi kutha sing dhèk
biyèn tau diserang lan ditelukaké déning

---

[k]Kabul: Basa Ibrani: Mboten wonten reginipun.

raja Mesir; penduduké banjur dipatèni
lan kuthané diobong. Nalika Suléman
krama karo putri Mesir, kutha mau
diparingaké minangka hadiah marang
garwané.
17 (Sawisé mengkono kutha mau
banjur dibangun déning Suléman.)
Kutha-kutha liyané iya didegaké déning
Suléman nganggo tenaga rakyat sing
diwajibaké nyambut-gawé, kayata:
Bèt-Horon-Ngisor, sing dibangun menèh,
18 Baalat, Tamar, ing ara-ara Yéhuda,
19 kutha-kutha sing kanggo nandho
pangan, kutha-kutha sing dienggo gawé
kandhang lan krétané jaranan; semono
uga bangunan-bangunané Sang Raja
sing ana ing Yérusalèm, Libanon sarta
ing negara liya-liyané, sing wis dirancang
déning Sang Prabu.
20 Rakyat sing diwajibaké nyambut-
gawé déning Suléman kuwi anak-turuné
wong-wong sing ora dipatèni déning
wong Israèl nalika mlebu ngenggoni
tanah kono, yakuwi bangsa-bangsa
Amori, Hèt, Fèris, Hèwi lan bangsa
Yébus, sing anak-turuné tekan saiki isih
padha dadi batur-tukon.
21 (9:20)

22 Wong Israèl dhéwé ora didadèkaké
batur-tukon déning Suléman, nanging
padha didadèkaké tentara, pegawé,
pemimpin, perwira pasukan kréta perang
lan prejurit jaranan.
23 Pegawé sing dipasrahi ngawasi
wong-wong sing nglakoni kerja-bakti
ing bangunan-bangunané Raja Suléman
kabèh cacahé 550.
24 Suléman dhawuh ngurug tanah
sawétané kutha, yakuwi sawisé garwané
saka Mesir ngalih saka kuthané Dawud
menyang kedhaton sing diyasa déning
Suléman kanggo garwané mau.
25 Setaun ping telu Suléman saos
kurban obongan lan kurban kaslametan
ing mesbèh sing diyasa kagem
Allah; kejaba kuwi Suléman iya saos
kurban dupa kagem Allah. Mengkono
Suléman enggoné ngrampungaké yasa
Pedalemané Allah.
26 Suléman iya yasa kapal-kapal ing
Ézion-Gèbèr, sacedhaké Éliot ing pesisiré
Teluk Akaba, wilayah Édom.
27 Raja Hiram ngutus ahli-ahli
pelayarané sing wis pengalaman
nglakokaké kapal-kapal mau bebarengan
karo para pegawéné Raja Suléman.

28 Enggoné lelayaran tekan Ofir lan saka kana nggawa emas 14.000 kilogram kanggo Suléman.

10 1 Kecrita ratu putri saka tanah Séba iya nampi pawarta bab kawicaksanané Raja Suléman. Mulané banjur rawuh ing Yérusalèm arep nyoba Suléman srana pitakonan sing angèl-angèl.

2 Rawuhé didhèrèkaké déning pendhèrèk akèh lan unta sing padha momot rempah-rempah, emas lan watu aji[l] akèh banget. Sawisé kepanggih karo Raja Suléman ratu putri mau banjur nyuwun pirsa prekara rupa-rupa.

3 Pitakonan-pitakonan mau kabèh diwangsuli déning Raja Suléman, siji waé ora ana sing angèl kagem panjenengané.

4 Sang Ratu putri saka Séba mireng piyambak kawicaksanané Suléman mau. Sang Ratu iya pirsa kedhaton sing diyasa déning Suléman lan saisiné kabèh.

5 Iya pirsa para pegawé kedhaton, caranè para abdi padha ngladèni, sandhanganè, dhahar sing diolah lan kamar-kamaré. Pirsa kurban-kurban sing disaosaké déning Raja Suléman

---

[l] watu aji: akik; batu permata (bhs. Ind.).

ana ing Pedalemané Allah. Kabèh mau gawé gumuné Sang Ratu saka Séba ora uwis-uwis.
6 Mulané banjur matur marang Raja Suléman, "Sedaya prekawis ingkang kula pireng ing negari kula bab kawicaksanan panjenengan ketitik leres sedaya!
7 Nanging sesampunipun kula dhateng lan sumerep mawi mripat kula piyambak, kula saweg yakin saèstu. Cethanipun sedaya ingkang kula pireng menika mboten wonten sepalihipun ingkang kula tingali samenika. Kawicaksanan lan kasugihan panjenengan jebul langkung ageng ketimbang kaliyan pawartos ingkang kula pireng.
8 Iba begjanipun para garwa panjenengan! Iba begjanipun para abdi panjenengan, ingkang selaminipun celak kaliyan panjenengan, ngantos sami saged mireng piyambak saking lésan panjenengan pangandika ingkang kebak kawicaksanan!
9 Pinujia Pangéran, Allah panjenengan! Saking enggèn panjenengan kajumenengaken raja, tandha bilih Gusti Allah rena dhateng panjenengan. Mboten telas-telas sihipun dhateng

bangsa Israèl, pramila Allah ngangkat
panjenengan kadadosaken rajanipun,
supados panjenengan saged njejegaken
hukum lan kaadilan."
10 Ratu saka Séba mau banjur nyaosaké
hadiah-hadiah marang Raja Suléman.
Yakuwi emas luwih saka 4.000 kilogram,
watu aji lan rempah-rempah akèh
banget. Raja Suléman durung tau nampa
rempah-rempah semono akèhé, kaya
enggoné nyaosi ratu saka Séba kuwi.
11 Kecrita prau-prauné Hiram sing
nggawa emas saka Ofir kanggo Raja
Suléman, uga nggawa watu aji akèh lan
kayu cendhana.
12 (Kayu cendhana mau déning
Suléman dienggo gawé pager hiasan ing
Pedalemané Allah lan ing kedhatoné, lan
iya kagawé piranti musik, kayata kecapi
lan gambus, kanggo para abdi sing ahli
musik. Kayu cendhana kuwi kayu sing
becik dhéwé ing antarané kayu-kayu
sing ditekakaké ing Israèl. Durung tau
ana kayu sing beciké kaya mengkono.)
13 Suléman gentèn nyaosi Sang Ratu
saka Séba apa waé sing dikersakaké,
kejaba kuwi iya hadiah-hadiah liyané
sing lumrahé diparingaké déning

Suléman marang tamu-tamuné. Sawisé
mengkono Sang Ratu lan pendhèrèké
padha kondur menyang tanah Séba.
14 Saben taun Raja Suléman nampi
kurang luwih 23.000 kilogram emas,
15 durung sing ditampa saka para
sedhèrèké, saka bebathèné dagangan
lan saka raja-raja Arab, sarta para bupati
Israèl.
16 Raja Suléman dhawuh gawé tamèng-
tamèng gedhé sing dilapisi emas;
saben tamèng ngentèkaké emas pitung
kilogram.
17 Uga dhawuh gawé tamèng rada
cilik, saben tamèng dilapis emas kurang
luwih rong kilogram. Tamèng-tamèng
mau kabèh dipasang ing Bangsal Alas
Libanon.
18 Suléman iya yasa dhampar keprabon
sing dilapis gadhing lan emas murni.
19 Dhampar keprabon mau nganggo
pancadan nem. Saben pancadan
kiwa-tengené ana ukirané singa, kabèh
ana rolas. Ing mburiné dhampar ana
recané endhas sapi lan ing kiwa-tengené
dhampar ana recané singa. Durung
tau, ing endi waé, ana kursi keprabon

sing hébaté kaya kursi keprabonéRaja
Suléman.
20 (10:19)
21 Tuwung sing diagem ngunjuk Raja
Suléman kabèh saka emas. Mengkono
uga kabèh piranti sing dienggo ing
Bangsal Alas Libanon kagawé saka emas
murni. Ora ana barang saka slaka, sebab
dhèk jamané Suléman slaka ora ana
ajiné.
22 Suléman kagungan kapal gedhé-
gedhé akèh, sing padha lelayaran ing
samodra bebarengan karo kapal-kapalé
Raja Hiram. Kapal-kapal mau saben taun
bali nggawa emas, slaka, gadhing lan
kethèk-kethèk gedhé cilik.
23 Ing antarané raja-raja kabèh,
Suléman kuwi raja sing sugih dhéwé lan
sing wicaksana dhéwé.
24 Wong saka bangsa endi-endi
padha kepéngin sowan ngrungokaké
piwulang-piwulangé Suléman sing kebak
kawicaksanan peparingé Allah,
25 lan saben wong sing sowan mesthi
nyaosi hadiah. Tekané wong-wong mau
padha nggawa barang-barang saka
emas, slaka, sandhangan, gaman,

rempah-rempah, jaran lan bihal,[m] kaya
mengkono mau ajeg saben taun.
26 Raja Suléman iya kagungan angkatan
perang. Krétané perang sèwu patang
atus lan jaran sing kanggo perang
rolas èwu. Sapérangan didokokaké ing
Yérusalèm, liyané ana ing kutha-kutha
liya.
27 Nalika jamané Suléman jumeneng
raja ing Yérusalèm slaka dianggep
barang lumrah, ora béda karo watu; lan
cemara Libanon ana sapirang-pirang
nganti kaya wit ara waé.
28 Blantik-blantiké[n] Sang Prabu kulak
jaran saka Misraim lan Kéwé;[o]
29 déné kréta-krétané perang
ditekakaké saka tanah Mesir, banjur
didol menèh marang raja-raja Hèt lan
raja-raja Siria. Jaran siji didol satus
sèket dhuwit slaka lan kréta perang siji
diregani nem atus dhuwit slaka.

---

[m] bihal: pranakan kuldi kaliyan kapal (jaran).

[n] Blantik: bakul raja-kaya.

[o] Misraim lan Kéwé: Negari kalih menika dunungipun ing daérah Turki sisih Kidul. Ing jamanipun Sang Prabu Suléman daérah-daérah wau dados pusat peternakan kapal (jaran).

11

1 Sang Raja Suléman mundhut
garwa bangsa manca nganti
akèh. Kejaba putriné raja Mesir, Suléman
uga mundhut garwa bangsa Hèt, Moab,
Amon, Édom lan Sidon.
2 Mangka Gusti Allah wis ngandika,
yèn wong Israèl ora kena kawin karo
bangsa-bangsa mau, sebab ora wurung
wong-wong kuwi bakal nggèndèng wong
Israèl nganut marang allah-allah liya.
Éwasemono Suléman nggarwa wong
wadon manca akèh,
3 garwané resmi 700, trah putri raja,
lan telung atus sing diselir. Para garwané
kuwi sing njalari Suléman nyingkur
marang Allah,
4 mula bareng wis sepuh para garwané
mau nggèndèng Sang Raja nyembah
marang allah-allah liyané. Dawud,
ramané setya marang Pangéran, Allahé,
nanging Suléman ora kaya ramané.
5 Suléman nyembah marang Astorèt,
brahalané bangsa Sidon, Molokh,
déwané bangsa Amon sing njijiki.
6 Srana mengkono Suléman nglakoni
dosa ing ngarsané Allah. Dawud,
ramané, mbangun-turut marang Allah

klawan trus ing ati, nanging Suléman ora
mengkono.
7 Ing gunung sawétané Yérusalèm,
Suléman yasa papan panyembahé
brahala kanggo Kamos, déwané wong
Moab, lan kanggo Molokh, déwané
bangsa Amon, loro-loroné déwa sing
njijiki.
8 Suléman iya ngedegaké candhi-candhi
supaya garwa-garwané bangsa manca
bisa ngobong dupa ana ing kono lan
gawé kurban kanggo déwa-déwané
dhéwé.
9 Pangéran, Allahé Israèl wis ngetingal
ping pindho marang Suléman lan wis
ngémutaké yèn Suléman ora kena
nyembah déwa-déwa, nanging Suléman
ora mreduli dhawuhé. Malah Gusti Allah
disingkur, mula duka banget marang
Suléman.
10 (11:9)
11 Pangandikané, "Sarèhné kowé njarag
nerak prejanjianmu karo Aku lan ora
nglakoni dhawuh-dhawuh-Ku, mulané
kratonmu bakal Dakpundhut saka kowé
lan Dakparingaké marang salah sijiné
pegawému.

12 Éwasemono, merga saka bapakmu
Dawud, prekara kuwi ora Daktindakaké
sajroné kowé isih urip, nanging mbésuk
samasa anakmu dadi raja.
13 Merga saka Dawud, abdi-Ku lan
merga saka Yérusalèm, sing wis
Dakpilih dadi kutha-Ku, taler siji bakal
Dakparingaké marang anakmu."
14 Gusti Allah ndadèkaké Hadad,
turuné raja ing Édom, nglawan marang
Suléman.
15 Sadurungé kuwi, sawisé Raja Dawud
nelukaké Édom, Yoab panglimané
angkatan perang, lunga menyang Édom
ngubur wong-wong sing mati; ana ing
kana karo para prejurité nganti nem
sasi. Sajroné wektu kuwi wong-wong
lanang ing Édom dipatèni kabèh déning
Yoab,
16 (11:15)
17 nanging Hadad sing nalika semono
isih cilik, lolos lan ngungsi menyang
tanah Mesir, bebarengan karo wong
sawetara, abdiné bapakné.
18 Enggoné budhal saka Midian, banjur
menyang Paran. Ing kana ana wong
sawetara menèh padha mèlu. Sawisé
mengkono nuli padha bebarengan lunga

menyang tanah Mesir, sowan marang raja Mesir. Hadad mau diparingi omah lan palemahan déning raja Mesir, semono uga kebutuhané kanggo urip dicukupi.
19 Hadad temah dadi mitrané Sang Raja, nganti diparingi bojo, sing isih keprenah ipéné Sang Raja dhéwé, yakuwi adhiné ratu Tahpenès.
20 Bojoné Hadad banjur duwé anak lanang dijenengaké Genubat. Bocah mau digedhèkaké déning Sang Ratu piyambak lan manggon ing kedhaton, bebarengan karo para putrané Sang Prabu.
21 Nalika krungu yèn Dawud wis séda lan Yoab panglimané perang uga wis ora ana, Hadad banjur matur marang Sang Prabu, "Kula mugi panjenengan idini wangsul dhateng negari kula."
22 Pendanguné Sang Prabu, "Yagéné kowé kepéngin bali menyang tanahmu? Apa kowé ana ing kéné kurang kopèn?" Wangsulané Hadad, "Mboten mekaten, nanging keparenga kula wangsul dhateng negari kula."
23 Gusti Allah uga nggawé Rézon bin Èlada dadi mungsuhé Suléman. Rézon kuwi abdi sing minggat saka enggoné

bendarané, yakuwi Raja Hadadèzèr ing
Zoba,
24 banjur dadi penggedhéné grombolan.
(Kedadéané kuwi nalika Dawud nyerang
Hadadèzèr lan matèni kanca-kancané
Hadadèzèr saka tanah Siria.) Rézon lan
balané padha lunga menyang Damsyik
lan manggon ana ing kono. Ing kono
Rézon diangkat déning balané dadi raja
ing Siria.
25 Ora béda karo Hadad, Raja Rézon ing
Siria mau iya memungsuhan karo Israèl
selawasé epréntahané Raja Suléman
lan gawé rerusuh ing negara kono.
26 Wong liyané sing mbrontak nglawan
marang Suléman yakuwi pegawéné
sing jeneng Yérobéam bin Nébat saka
Zeréda, daérah Éfraim. Ibuné wis
randha, jenengé Zerua.
27 Critané pembrontakané Yérobéam
kuwi mengkéné: Nalika palemahan
sawétané Yérusalèm diurug lan
témbok-témboké kutha lagi didandani.
28 Yérobéam uga nyambut-gawé ana
ing kono. Suléman pirsa yèn Yérobéam
kuwi trampil nyambut-gawé lan sregep.
Yérobéam banjur didadèkaké pengawas,
ngwasani wong-wong sing padha

nglakoni kerja-bakti ing wilayahé taler
Manasyè lan Éfraim.
29 Ing sawijining dina nalika lagi metu
saka Yérusalèm, Yérobéam ditemoni
Nabi Ahia, saka Silo, ing dalan sanjabané
kutha, mung wong loro dhèwèkan.
30 Nabi mau banjur nyopot jubahé
sing dienggo lan isih anyar, nuli
disuwèk-suwèk dadi rolas.
31 Sawisé mengkono banjur kandha
karo Yérobéam, "Njupuka sepuluh
suwèkan, pèken dhéwé, sebab
Pangéran, Allahé Israèl ngandika marang
kowé mengkéné, ‘Kraton iki bakal
Dakpundhut saka Suléman, lan sepuluh
taler Dakparingaké marang kowé.
32 Taler siji bakal isih tetep mèlu
Suléman, merga saka abdi-Ku Dawud,
lan merga saka Yérusalèm, sing wis
Dakpilih dadi kutha-Ku.
33 Prekara kuwi bakal Daktindakaké
merga Suléman wis nyingkur marang
Aku lan wis nyembah déwa-déwa,
yakuwi Astorèt, déwa wadon saka
Sidon; Kamos, déwané wong Moab, lan
Molokh, déwané wong Amon. Suléman
wis nglakoni dosa lan nglanggar
dhawuh-dhawuh-Ku. Dawud, bapakné

nglakoni prenatan-prenatan-Ku lan
dhawuh-dhawuh-Ku, nanging Suléman
ora mengkono.
34 Kratoné ora Dakpundhut kabèh lan
dhèwèké karebèn dadi raja samatiné.
Kuwi Dakparengaké merga saka Dawud,
abdi-Ku, sing wis Dakpilih lan iya sing
pancèn netepi prenatan-prenatan-Ku lan
nglakoni dhawuh-dhawuh-Ku.
35 Kraton iki bakal Dakpundhut saka
anaké Suléman, lan sepuluh taler bakal
Dakparingaké marang kowé.
36 Nanging taler siji Dakngèngèhaké
kanggo dhèwèké, supaya selawasé ana
anak-turuné Dawud sing Dakparengaké
dadi raja ana ing Yérusalèm, kutha sing
wis Dakpilih dadi papan pangibadah
marang Aku.
37 Déné kowé, Yérobéam bakal
Dakdadèkaké raja ing Israèl lan
Dakparingi daérah-daérah kabèh sing
kokkarepaké.
38 Yèn kowé, kaya abdi-Ku Dawud,
mbangun-turut temenan marang Aku,
sarta nindakaké prenatan-prenatan-Ku
lan gawé renaning penggalih-Ku, karo
menèh nglakoni dhawuh-dhawuh-Ku
kabèh, Aku bakal nunggal karo kowé

ing selawasé. Anak-turunmu bakal
Dakdadèkaké raja ing Israèl, nggentèni
kowé, kaya dhawuh-Ku marang Dawud.
39 Sarèhné Suléman wis nglakoni dosa,
mulané Aku bakal ngukum anak-turuné
Dawud, nanging ora ing selawasé!'"
40 Nalika Suléman midhanget pawarta
mau, panjenengané ngarah patiné
Yérobéam, nanging Yérobéam ngungsi
marang Raja Sisak ing Mesir, lan
manggon ing kana nganti sasédané
Suléman.
41 Lelakoné Suléman liyané, tumindaké
pegawéané lan kawicaksananané, wis
katulis kabèh ing Kitab Riwayaté
Suléman.
42 Suléman dedalem ing Yérusalèm lan
ngerèh Israèl lawasé 40 taun.
43 Sawisé mengkono banjur séda
lan disarèkaké ing kuthané Dawud.
Réhabéam, putrané, nggentèni
jumeneng raja.
12 1 Umat Israèl sisih Lor kabèh wis
padha nglumpuk ing Sikèm, sebab
Réhabéam arep diwisudha jumeneng
raja. Réhabéam uga mrana.
2 Nalika semono Yérobéam bin Nébat
isih ana ing Mesir, merga nyingkiri Raja

Suléman. Bareng krungu yèn Réhabéam
arep diwisudha, Yérobéam banjur bali
menyang Israèl.
3 Rakyat Israèl sisih Lor kongkonan
methuk Yérobéam. Bareng wis teka
banjur bebarengan karo wong akèh
sowan marang Réhabéam. Aturé
wong-wong mau,
4 "Réhabéam ingkang minulya! Keng
Rama Suléman enggènipun ngerèh kula
sedaya keras sanget. Sesanggèn ingkang
dipun momotaken dhateng pundhak
kula sami karaos awrat saèstu. Pramila
menawi panjenengan kersa paring
kaènthèngan srana ngirangi sesanggèn
wau, kula sami badhé sumuyud dhateng
panjenengan."
5 Wangsulané Réhabéam, "Telung dina
engkas padha balia mréné, aku bakal
awèh ketrangan." Wong-wong mau nuli
padha mulih.
6 Réhabéam banjur njaluk pamrayoga
marang wong tuwa-tuwa sing biyèn
dadi penaséhaté Suléman, ramané
Réhabéam. Pendanguné Réhabéam,
"Manut panemumu, kepriyé enggonku
kudu mangsuli marang wong-wong
kuwi?"

7 Wangsulané para penaséhat mau,
"Menawi panjenengan èstu badhé ngabdi
dhateng rakyat, paringa wangsulan
ingkang nyekécakaken manahipun
rakyat, temah mesthi badhé sami
sumuyud dhateng panjenengan."
8 Nanging Réhabéam ora ngrèwès
marang rembugé wong tuwa-tuwa mau,
malah banjur marani wong nom-noman
sabarakané, sing wis didadèkaké
penaséhaté.
9 Pitakoné Réhabéam, "Wong-wong sing
padha njaluk diènthèngaké sanggané
kuwi kudu dakwangsuli kepriyé? Kepriyé
panemumu?"
10 Wangsulané, "Panjenengan kedah
paring wangsulan mekaten, ‘Sasèkèng-
sèkèngku, aku isih luwih rosa ketimbang
karo bapakku!
11 Bapakku wis awèh momotan abot
marang kowé, nanging aku bakal mènèhi
sing luwih abot. Yèn bapakku mecuti
kowé nganggo penjalin, aku bakal
mecuti kowé nganggo kawat sing ana
eriné.’"
12 Sawisé telung dina, Yérobéam lan
wong-wong kabèh sing padha sowan

padha wis nglumpuk menèh, kaya sing
didhawuhaké déning Sang Raja.
13 Nanging Raja Réhabéam ora ngrèwès
karo naséhaté wong tuwa-tuwa. Rakyat
sing padha sowan mau dingandikani
klawan kasar,
14 kaya naséhaté para nonoman marang
Sang Raja, "Sesanggané bapakku
marang kowé kuwi wis abot, nanging
momotan sing arep dakwènèhaké bakal
luwih abot menèh. Bapakku mecuti kowé
nganggo penjalin, nanging aku bakal
mecuti kowé nganggo kawat sing ana
eriné!"
15 Dadiné, panyuwuné rakyat ora
digapé. Nanging kuwi merga wis
dikersakaké déning Allah. Pamecané
Nabi Ahia saka Silo bab Yérobéam kuwi
mesthi kelakon.
16 Bareng rakyat ngerti yèn Sang
Prabu ora kersa nuruti panyuwuné,
wong akèh mau banjur padha mbengok
klawan sora, "Aja urusan karo Dawud
lan anak-turuné! Kuwi ora tau gawé
becik marang kita! Umat Israèl, ayo
mulih waé! Réhabéam karebèn ngurusi
prekarané dhéwé." Rakyat Israèl banjur
padha brontak,

17 temah Réhabéam mung mréntah
rakyat sing kari ana ing wilayah Yéhuda
thok.
18 Raja Réhabéam banjur ngutus
Adoniram, pengawasé wong-wong sing
padha kerja bakti, supaya nentremaké
rakyat. Nanging Adoniram malah
dibalangi watu déning rakyat nganti
mati. Pirsa mengkono mau Sang Prabu
Réhabéam énggal-énggal nyéngklak
krétané kondur menyang Yérusalèm.
19 Wiwit nalika semana rakyat Israèl
sisih Lor tansah mbrontak marang
anak-turuné Raja Dawud.
20 Bareng rakyat Israèl kabèh padha
krungu yèn Yérobéam wis teka saka
tanah Mesir, banjur diaturi ing sawijining
kumpulan. Ana ing kono Yérobéam
diwisudha jumeneng raja ing Israèl.
Mung taler Yéhuda dhéwé sing tetep
setya marang anak-turuné Dawud.
21 Satekané ing Yérusalèm Réhabéam
banjur nglumpukaké tentarané pilihan,
cacahé 180.000, saka taler Yéhuda lan
Éfraim. Kersané arep nglurug perang
supaya taler-taler sisih Lor bisa bali dadi
rèh-rèhané.

22 Nanging Gusti Allah ngutus Nabi
Semaya
23 nggawa pangandikané Allah marang
Réhabéam lan taler-taler Yéhuda sarta
Éfraim kabèh,
24 mengkéné, "Kowé aja nyerang rakyat
Israèl, kuwi rak sedulurmu dhéwé.
Kowé kabèh padha muliha waé. Apa
sing kelakon iki Aku sing ngersakaké."
Wong kabèh mau padha nurut marang
dhawuhé Pangéran, temah padha mulih
menyang omahé dhéwé-dhéwé.
25 Bareng Yérobéam dadi raja, kutha
Sikèm ing daérah Éfraim banjur
disentosani; kanggo sawetara mangsa
Yérobéam dedalem ing kono. Ora suwé
banjur ngalih saka kono, lan nyentosani
kutha Pnuèl.
26 Gagasané Yérobéam mengkéné, "Yèn
rakyat tetep saos kurban ing Pedalemané
Allah ing Yérusalèm kaya saiki, ora
wurung mbésuk bakal padha seneng
mèlu Réhabéam, raja ing Yéhuda lan aku
bakal dipatèni."
27 (12:26)
28 Sawisé nggagas mengkono
Yérobéam banjur yasa reca sapi loro
dilapis emas, sarta ngandika marang

rakyat mengkéné, "Hé bangsa Israèl!
Enggonmu padha nindakaké pangibadah
ing Yérusalèm wis cukup tekan seméné
waé. Saiki delengen, iki lo allah-allahmu
sing ngirid kowé saka tanah Mesir!"
29 Reca sapi emas mau sing siji dipasang
ing Bètèl, sijiné ing Dhan.
30 Kuwi sing njalari rakyat banjur gawé
dosa, sebab banjur padha nindakaké
pangibadah ana ing Bètèl lan ing Dhan.
31 Yérobéam iya yasa papan-papan
pangibadah ana ing tengger-tengger[p] lan
ngangkat imam-imam saka kulawarga
sing dudu trah Lèwi.
32 Wong-wong mau déning Yérobéam
didadèkaké imam-imam ing Bètèl,
supaya nglakoni tugasé ana ing kono.
Panjenengané piyambak uga saos kurban
marang sapi-sapi emas sing digawé
dhéwé mau. Banjur panjenengané
uga nemtokaké tanggal limalas ing
sasi kawolu dadi dina gedhé kanggo
wong Israèl, padha karo dina gedhé
ing Yéhuda. Ing dina iku Yérobéam
minggah ing Bètèl saos kurban kanggo
ngriyayakaké dina gedhé sing wis
ditemtokaké mau.

---

[p]tengger: redi ingkang mboten inggil.

33 (12:32)

13

1 Dhèk semono ana nabi saka
Yéhuda, sing diutus déning Allah
menyang Bètèl. Nalika nabi mau teka ing
Bètèl, Yérobéam lagi ana ing ngareping
mesbèh arep saos kurban.
2 Atas dhawuhé Allah nabi mau banjur
kandha marang mesbèh klawan sora,
"Hé mesbèh! Ana dhawuhé Yéhuwah
mengkéné, ‘Bakal ana bocah lair saka
ing kulawargané Dawud, jenengé Yosia.
Kuwi bakal matèni imam-imam sing
ngurusi mesbèhé brahala-brahala lan
saos kurban ana ing mesbèh kéné.’"
3 Nabi mau ngandika menèh mengkéné,
"Mesbèh iki bakal ambruk lan awuné
numplek ing lemah. Kuwi buktiné yèn
aku iki diutus déning Allah."
4 Bareng krungu tembungé nabi
mau Yérobéam banjur ngandika karo
ngacungaké astané nudingi nabi mau,
"Wong kuwi cekelen!" Nanging astané
Yérobéam dadi kajeng nganti ora kena
diudhunaké menèh.
5 Mesbèh mau dumadakan ambruk lan
awu sing tumumpang ing ndhuwuré
numplek ing lemah, kaya sing

dingandikakaké déning nabi mau atas
asmané Allah.
6 Yérobéam banjur ngandika marang
nabi kuwi, "Panjenengan kersaa nyuwun
dhateng Pangéran, Allah panjenengan,
supados tangan kula saras malih!" Nabi
mau iya banjur ndedonga marang Allah,
mula astané Sang Prabu pulih sanalika.
7 Sang Prabu banjur ngandika marang
nabi mau, "Mangga dhahar ing griya
kula. Panjenengan badhé kula caosi
hadiah minangka atur panuwun kula."
8 Nanging nabi mau mangsuli, "Senajan
panjenengan maringi sepalihing kraton
panjenengan, kula mboten badhé
ndhèrèk nedha lan ngombé kaliyan
panjenengan.
9 Kula kadhawuhan déning Allah
supados mboten nedha lan ngombé
sarta mboten badhé wangsul medal
mergi ingkang wau kula langkungi."
10 Dadiné nabi mau lunga metu dalan
liya.
11 Nalika semono ing Bètèl ana nabi
tuwa. Nabi kuwi dicritani déning
anak-anaké apa sing ditindakaké déning
nabi saka Yéhuda mau, lan apa sing
dingandikakaké marang Yérobéam.

12 Nabi tuwa mau banjur takon, "Nabi
saka Yéhuda mau mulihé metu endi?"
Banjur dikandhani dalan sing diliwati
nabi mau.
13 Nabi tuwa kuwi nuli akon nglapaki
kuldiné, banjur dicéngklak, nggeblas,
14 nututi nabi saka Yéhuda mau,
wusana ketemu lagi lungguhan ing
ngisoring wit gedhé. Pitakoné nabi tuwa,
"Menapa panjenengan nabi ingkang
saking Yéhuda menika?" Wangsulané
sing ditakoni, "Inggih."
15 Pangucapé nabi tuwa menèh,
"Mangga kula aturi dhahar ing griya
kula."
16 Nanging diwangsuli karo nabi saka
Yéhuda, "Matur nuwun. Kula mboten
saged ndhèrèk, lan inggih mboten badhé
nedha lan ngombé ing ngriki kaliyan
panjenengan,
17 mergi kula sampun nampi dhawuh
saking Allah supados mboten nedha
lan ngombé sarta wangsul medal mergi
ingkang kula langkungi nalika kula
dhateng."
18 Nabi tuwa saka Bètèl mau banjur
matur goroh, "Kula menika inggih
nabi kados panjenengan. Wau wonten

malaékat utusanipun Allah ndhawuhi
kula supados methuk panjenengan lan
ngaturi dhahar panjenengan ing griya
kula."
19 Nabi saka Yéhuda mau banjur mèlu
menyang omahé nabi tuwa saka Bètèl,
sarta mangan bebarengan.
20 Sajroné padha lungguh mangan
bebarengan, Gusti Allah ngandika
marang nabi tuwa mau,
21 temah banjur melèhaké nabi
saka Yéhuda mengkéné, "Gusti Allah
ngandika, bilih panjenengan mboten
mbangun-turut lan mboten nglampahi
menapa ingkang dados dhawuhipun
Allah.
22 Malah panjenengan wangsul lan
nedha, mangka Allah dhawuh bilih
panjenengan mboten klilan nedha.
Pramila panjenengan badhé kapejahan
lan jisim panjenengan badhé mboten
kakubur wonten ing kuburaning
kulawarga panjenengan."
23 Sawisé rampung enggoné padha
mangan, nabi tuwa mau banjur nglapaki
kuldiné nabi saka Yéhuda,
24 lan nabi mau uga banjur budhal.
Ana ing dalan nabi mau ditubruk singa

dadi lan patiné. Jisimé gumléthak ing
dalan, ing sandhing kuldiné. Singané
uga ngadeg ana ing kono.
25 Wong-wong sing padha liwat padha
weruh jisim lan singa mau. Banjur padha
awèh weruh marang wong-wong ing
Bètèl.
26 Bareng nabi tuwa ing Bètèl krungu
bab mau, banjur muni, "Kuwi ora liya
mesthi nabi sing mbangkang[q] marang
dhawuhé Allah kaé! Mulané Allah ngutus
singa mrono matèni dhèwèké kaya sing
dingandikakaké sadurungé."
27 Sawisé muni mengkono nabi tuwa
mau banjur ndhawuhi putra-putrané,
"Kuldiku lapakana" sarta budhal
28 numpak kuldiné lan nemu jisimé
nabi saka Yéhuda isih gumléthak ing
dalan. Kuldi lan singané uga isih ana
ing kono. Jisim lan kuldi mau ora
dikapak-kapakaké déning singané.
29 Jisimé banjur diangkat lan disèlèhaké
ing kuldiné, digawa mulih menyang
Bètèl, arep dikubur ing kana nganggo
upacara.
30 Jisimé dikubur ing kuburané nabi
sing tuwa mau. Sawisé mengkono nabi

---

[q]mbangkang: tidak taat (bhs. Ind.).

karo putra-putrané padha nganakaké
petangisan, pangucapé, "Dhuh sedhèrèk
kula, mesakaken temen kawontenan
panjenengan."
31 Nabi tuwa mau weling marang
putra-putrané, "Yèn aku mati, kuburen
ing kéné, sandhingé nabi kuwi.
32 Apa sing diucapaké atas dhawuhé
Allah tumraping mesbèh ing Bètèl lan
tumraping papan pangibadah kabèh sing
ana ing kutha Samaria mesthi bakal
kelakon."
33 Raja Yérobéam tetep ora kersa
nilar pendamelé sing ala. Kanggo
ngurusi mesbèh-mesbèh sing diyasa
mau panjenenganè isih terus ngangkati
imam-imam sing ora saka kulawarga
Lèwi. Angger wong sing gelem banjur
diangkat dadi imam.
34 Tumindaké sing mengkono mau gawé
cilakané putra-wayahé, mulané padha
ludhes babar-pisan.
14 1 Kecrita putrané kakung
Yérobéam sing asmané Abia,
gerah.
2 Yérobéam ngandika marang garwané,
"Lungaa menyang Silo, sowana Nabi
Ahia, sing biyèn ngandikani aku, yèn aku

bakal dadi raja ing Israèl. Nanging kowé
kudu nylamur, supaya wong ora ngerti
yèn kowé garwaku.
3 Nggawaa roti sepuluh, panganan lan
madu segendul. Nyuwuna pirsa kepriyé
bakal kedadéané anak kita Abia."
4 Garwané Yérobéam mau banjur tindak
menyang dalemé Ahia ing Silo. Nabi Ahia
wis ora bisa ningali awit saka sepuhé.
5 Nanging Pangéran ngandika marang
Nabi Ahia yèn garwané Yérobéam arep
rawuh nyuwun pirsa bab putrané sing
gerah. Pangéran iya maringi weruh apa
sing kudu ditindakaké déning Nabi Ahia.
Sarawuhé ing kana, garwané Yérobéam
nylamur éthok-éthok dudu garwané
Yérobéam.
6 Nanging Nabi Ahia bareng mireng
jangkahé wong mlebu ing dalemé banjur
ngandika, "Kula aturi mlebet, kula
ngertos menawi panjenengan menika
garwanipun Yérobéam. Mboten sisah
nylamur. Wonten pawartos awon kagem
panjenengan.
7 Kula aturi matur dhateng Yérobéam,
bilih mekaten dhawuhipun Pangéran,
Allahipun Israèl, ‘Kowé wis Dakpilih saka

ing antarané rakyat, Dakdadèkaké raja
sing ngerèh umat-Ku Israèl.
8 Kowé wis Dakparingi kraton kang
Dakjupuk saka anak-turuné Dawud.
Nanging kowé ora kaya abdi-Ku Dawud.
Dawud kuwi setya marang Aku lan
nglakoni dhawuh-dhawuh-Ku. Dawud
mung nglakoni apa sing Dakkersakaké.
9 Nanging kowé wis nglakoni dosa
gedhé, ngluwihi dosané raja-raja
sadurungé kowé. Kowé nyingkur marang
Aku lan gawé duka-Ku srana enggonmu
yasa reca saka emas sing padha
disembah-sembah.
10 Mulané Aku bakal nekakaké
paukuman marang anak-turunmu.
Anak-turunmu lanang enom utawa tuwa
kabèh bakal Daktumpes. Kulawargamu
bakal Daksirnakaké, carané kaya wong
nyaponi uwuh.
11 Sedulur-sedulurmu sing mati ing
kutha jisimé bakal dipangan asu, lan sing
mati ing njaban kutha bakal dipangan
manuk ing awang-awang. Élinga, iki
Aku, Pangéran Allah kang ngandika!’"
12 Saterusé Nabi Ahia ngandika
marang garwané Yérobéam mengkéné,
"Samenika panjenengan kula aturi

kondur. Samasa panjenengan mlebet ing
kitha, kang putra Abia badhé tilar.
13 Rakyat Israèl sedaya badhé
ngawontenaken petangisan sarta ngubur
keng putra. Namung Abia menika
kémawon putranipun Yérobéam ingkang
sédanipun kasarèkaken mawi upacara,
mergi namung piyambakipun kémawon
ingkang damel renaning penggalihipun
Pangéran, Allahipun Israèl.
14 Israèl badhé kaparingan déning Allah
raja ingkang numpes tedhak-turunipun
Yérobéam sedaya.
15 Israèl badhé kaukum déning Allah,
mila badhé miyar-miyur kados glagah
ingkang wonten ing lèpèn. Allah badhé
mbedhol Israèl saking negari, ingkang
kaparingaken dhateng para leluhuripun,
lajeng badhé kasebar ing sabranging
Bengawan Éfrat, mergi sampun sami
damel dukanipun Allah, inggih menika
sami damel reca-recanipun Dèwi Asyéra.
16 Israèl badhé katégakaken déning
Allah, mergi saking Yérobéam ingkang
sampun nglampahi dosa lan njalari
tiyang Israèl sami tumut damel dosa."

17 Sawisé mengkono garwané Yérobéam
nuli mulih menyang Tirza. Nalika mlebu
ing dalemé, Abia, putrané tilar.
18 Rakyat Israèl nganakaké petangisan,
jisimé banjur dikubur, kaya sing
dingandikakaké déning Allah lantaran
Nabi Ahia, abdiné.
19 Riwayaté Raja Yérobéam liyané,
yakuwi pepréntahané lan peprangan-
peprangané, wis ditulis ing Kitab
Sejarahé Raja-raja Israèl.
20 Rolikur taun lawasé Yérobéam
jumeneng raja, sawisé mengkono banjur
séda lan disarèkaké. Nadab, putrané,
nggentèni jumeneng raja.
21 Nalika putrané Suléman sing asma
Réhabéam dadi raja ing Yéhuda yuswané
patang puluh siji taun. Enggoné mréntah
lawasé pitulas taun ana ing Yérusalèm,
kutha sing kapilih déning Allah saka ing
antarané kutha-kutha sa-Israèl kabèh,
kadadèkaké panggonan pangibadah
kagem Panjenengané.
22 Nanging bangsa Yéhuda nglakoni
dosa ing ngarsané Allah. Penggawéné
bangsa mau gawé dukané Allah,
ngungkuli dosané para leluhuré.

23 Bangsa mau padha mbangun papan
kanggo nyembah brahala ana ing
tengger-tengger lan ing ngisor wit-wit
gedhé. Mengkono uga padha ngedegaké
tugu-tugu sarta lambangé Dèwi Asyéra
kang padha disembah.
24 Ana ing kono wong-wong lanang-
wadon padha nindakaké penggawé
nistha dadi srana panyembahé marang
déwa-déwané. Dadi wong Yéhuda kabèh
padha nglakoni penggawé sing njijiki
kaya sing dilakoni déning bangsa-bangsa
sing biyèn dilungakaké déning Allah saka
kono, nalika wong Israèl padha mlebu
ing tanah mau.
25 Kecrita ing taun kaping sewelasé
pepréntahané Raja Réhabéam, Sisak,
raja ing Mesir nyerang kutha Yérusalèm.
26 Raja mau njarah-rayah sakèhé
barang sing pengaji sing ana ing
Pedalemané Allah lan ing kedhatoné
Sang Prabu, uga tamèng-tamèng emas
yasané Raja Suléman.
27 Kanggo ngijoli tamèng-tamèng mau
Raja Réhabéam gawé tamèng-tamèng
saka prunggu, dipasrahaké marang para
perwira sing padha jaga ing lawangé
kedhaton.

28 Saben Sang Prabu tindak menyang
Pedalemané Allah, para perwira jaga
padha nggawa tamèng-tamèng mau,
ndhèrèkaké tindaké Sang Prabu, lan
yèn wis rampung, tamèng-tamèng
mau disimpen menèh ing kamaré
perwira-perwira sing jaga.
29 Riwayaté Raja Réhabéam liyané wis
katulis ing Kitab Sejarahé Raja-raja
Yéhuda.
30 Selawasé jumeneng raja tansah ana
peprangan antarané Réhabéam karo
Yérobéam.
31 Réhabéam banjur séda lan disarèkaké
ana ing pesaréané raja-raja ing kuthané
Dawud. Abiam, putrané, nggentèni
jumeneng raja.
15 1 Abiam enggoné jumeneng raja
nalika Yérobéam, raja ing Israèl
wis nyandhak wolulas tauné.
2 Abiam mau enggoné dadi raja
lawasé telung taun. Kedhatoné ana
ing Yérusalèm. Asmané ibuné Maaka,
putriné Absalom.
3 Abiam niru lelakoné ramané. Enggoné
ngabekti marang Allah ora temenan,
béda karo Dawud, leluhuré.

4 Nanging merga saka Dawud, Gusti
Allah paring anak lanang marang Abiam,
kanggo ngganti dadi raja ing Yérusalèm
lan kanggo nglestarèkaké kutha mau.
5 Sing mengkono mau merga Dawud
lelampahané gawé renaning penggalihé
Allah lan ora tau nglirwakaké dhawuh-
dhawuhé Pangéran, kejaba mung ing
bab prekarané karo Uria wong Hèt biyèn.
6 Selawasé jumeneng Raja Abiam
tansah perang karo Yérobéam.
7 Riwayaté Raja Abiam liyané wis katulis
ing Kitab Sejarahé Raja-raja Yéhuda.
8 Abiam séda lan disarèkaké ing
kuthané Dawud. Asa, putrané, nggentèni
dadi raja.
9 Nalika Asa jumeneng raja ing Yéhuda,
Yérobéam enggoné dadi raja ing Israèl
nyandhak rong puluh taun.
10 Asa enggoné jumeneng raja ing
Yérusalèm lawasé patang puluh siji
taun. Asmané éyangé Maaka, putriné
Abisalom.
11 Asa sugengé gawé renaning
penggalihé Allah, kaya Dawud leluhuré.
12 Para wanita tuna susila sing padha
ngladèni ing papan-papan panyembahan
déwa-déwa padha dilungakaké

kabèh, lan brahala-brahala satanah
Yéhuda yasané raja-raja sadurungé
panjenengané, kabèh dirusak.
13 Maaka, éyangé, dipecat saka
kalenggahané ibu suri, merga wis
damel reca cabul, sing kanggo nyembah
marang Asyéra, dèwi kesuburan. Brahala
mau dirubuhaké lan diobong ing Lembah
Kidron.
14 Senajan ora kabèh papan
panyembahan brahala mau dirubuhaké,
nanging selawasé sugengé, Asa setya
marang Allah.
15 Barang-barang kabèh sing wis
disaosaké déning ramané marang
Allah dilebokaké ing Pedalemané Allah,
mengkono uga barang-barang sing
disaosaké dhéwé déning Asa rupa emas
lan slaka.
16 Selawasé jumeneng raja ing Yéhuda,
Asa tansah perang karo Baésa, raja ing
Israèl.
17 Baésa gawéné nyerang Yéhuda,
mulané kutha Rama disentosani supaya
dalan sing kanggo mlebu metu menyang
Yéhuda ora kena dienggo liwat.
18 Raja Asa banjur mundhuti slaka lan
emas sing isih kari ana ing Pedalemané

Allah lan ing kedhaton, dikirim menyang
Damsyik kagem Bènhadad, raja Siria,
putrané Tabrimon, wayahé Hézion.
Barang-barang mau digawakaké
punggawa kedhaton, sing diutus mrana
karo diweling matur mengkéné,
19 "Sumangga kita damel prejanjian
memitran kados bapak kula lan bapak
panjenengan rumiyin. Sareng kaliyan
serat menika kula nyaosaken tandha
tresna, ngiras ngaturi panjenengan
medhot sesambetan kaliyan Baésa, raja
ing Israèl, supados piyambakipun narik
wangsul tentaranipun saking wilayah
kula."
20 Bènhadad setuju karo usulé Raja
Asa mau, banjur utusan perwira-perwira
lan tentarané, nyerang kutha-kutha
ing Israèl. Kutha-kutha sing ditelukaké
yakuwi: Iyon, Dhan, Abèl-Bèt-Maaka lan
Kinérot, sarta wilayah Naftali kabèh.
21 Bareng krungu pawarta mau Baésa
banjur mandheg enggoné nyentosani
kutha Rama sarta bali menyang Tirza.
22 Sawisé mengkono Raja Asa banjur
dhawuh marang wong sawilayah
Yéhuda kabèh, supaya ngusungi watu
lan kayu sing dienggo déning Baésa

kanggo nyantosani kutha Rama, lan
digawa menyang Mizpa lan Géba, ing
wilayah Bènyamin, kanggo nyentosani
kutha-kutha mau.
23 Riwayaté Raja Asa liyané, yakuwi
bab kaprewiranè lan kutha-kutha
sing disentosani, wis ditulis ing Kitab
Sejarahé Raja-raja Yéhuda. Bareng
ngunduri sepuh Asa gerah sampéyané
karo pisan.
24 Asa séda lan disarèkaké ing
pesaréané raja-raja ing kuthané Dawud.
Yosafat, putrané, nggentèni dadi raja.
25 Nalika Asa enggoné jumeneng raja
ing Yéhuda nyandhak rong taun, Nadab
putrané Raja Yérobéam dadi raja ing
Israèl, lawasé rong taun.
26 Ora béda karo ramané, Nadab
nglampahi dosa ing ngarsané Allah,
temah njalari wong Israèl padha mèlu
gawé dosa.
27 Baésa bin Ahia saka taler Isakar gawé
komplotan nglawan marang Nadab,
nganti Nadab disédani. Nalika semono
Nadab karo tentaranè lagi ngepung
kutha Gibeton, ing tanah Filistia.
28 Kedadéané kuwi nalika Asa enggoné
jumeneng raja ing Yéhuda nyandhak

telung taun. Baésa banjur nggentèni
Nadab jumeneng raja ing Israèl.
29 Bareng Baésa dadi raja, kulawargané
Yérobéam banjur dipatèni kabèh. Cèples
karo pangandikané Allah lantaran
Nabi Ahia, saka Silo, yèn kulawargané
Yérobéam bakal dipatèni kabèh, siji waé
ora ana sing kari,
30 merga Yérobéam wis nglakoni dosa
lan njalari wong Israèl mèlu gawé
dosa. Srana mengkono Yérobéam gawé
dukané Pangéran Allah sesembahané
Israèl.
31 Riwayaté Raja Nadab wis katulis ing
Kitab Sejarahé Raja-raja Israèl.
32 Selawasé Baésa dadi raja ing Israèl,
tansah ana perang antarané Baésa lan
Asa, raja ing Yéhuda.
33 Nalika Asa enggoné jumeneng raja
ing Yéhuda nyandhak telung taun, Baésa
bin Ahia dadi raja ngerèh tanah Israèl
sisih Lor. Dalemé ana ing Tirza lan
enggoné jumeneng raja lawasé patlikur
taun.
34 Ora béda karo Yérobéam, sing
jumeneng raja sadurungé, Baésa uga
gawé dosa marang Pangéran lan njalari
wong Israèl padha mèlu gawé dosa.

16 1 Gusti Allah ngandika marang
Nabi Yéhu bin Hanani mengkéné,
"Tutura marang Baésa mengkéné,
2 ‘Biyèn kowé dudu apa-apa, nanging
wis Dakangkat dadi raja mengku umat-
Ku Israèl. Saiki kowé nglakoni dosa kaya
sing ditindakaké déning Yérobéam lan
njalari umat-Ku Israèl mèlu gawé dosa,
nganti gawé duka-Ku.
3 Mulané Aku bakal numpes
kulawargamu padha kaya enggonmu
numpes kulawargané Yérobéam.
4 Kulawargamu sing mati ing kutha,
jisimé bakal dipangan asu, lan sing mati
ana ing sanjabané kutha bakal dipangan
manuk ing awang-awang.’"
5 Pangandikané Allah marang Baésa
mau diterusaké déning Nabi Yéhu
marang Baésa, merga raja mau wis
gawé dosa marang Allah. Baésa
gawé dukané Allah, ora mung merga
piala-pialané sing dilakoni, nanging uga
merga enggoné wis matèni kulawargané
Yérobéam kabèh. Riwayaté Baésa liyané,
uga bab kekendelané, kabèh wis ditulis
ing Kitab Sejarahé Raja-raja Israèl.
Baésa séda lan disarèkaké ing pesaréan

ing Tirza. Éla, putrané, nggentèni dadi
raja.
6 (16:5)
7 (16:5)
8 Nalika Asa enggoné jumeneng raja
ing Yéhuda nyandhak nemlikur taun,
Éla putrané Baésa, dadi raja ing Israèl.
Enggoné jumeneng raja ing Tirza, lawasé
rong taun.
9 Zimri, perwira sing dadi komandhané
pasukan kréta perang, gawé komplotan
nglawan marang Éla. Ing sawijining
dina ana ing Tirza, nalika Éla lagi
inum-inuman nganti mendem, ing
omahé Arza, kepalané rumah tangga
kedhaton.
10 Zimri mlebu lan nyédani Éla, banjur
dadi raja, nggentèni Éla. Kelakoné mau
nalika Asa enggoné jumeneng raja ing
Yéhuda nyandhak pitulikur taun.
11 Bareng wis dadi raja, Zimri banjur
énggal-énggal matèni kulawargané
Baésa kabèh, malah sanak-sedulur lan
para mitrané kulawargané iya mèlu
dipatèni, ora ana sing kliwatan.
12 Kelakoné kuwi kaya sing wis
dingandikakaké déning Allah tumrap
kulawargané Baésa, lantaran Nabi Yéhu,

yèn kulawarga mau bakal dipatèni
kabèh.
13 Baésa lan Éla, anaké, padha nyembah
marang déwa-déwa lan njalari wong
Israèl padha mèlu gawé dosa, mula gawé
dukané Pangéran, Allah sesembahané
Israèl.
14 Riwayaté Éla liyané wis katulis ing
Kitab Sejarahé Raja-raja Israèl.
15 Nalika Asa enggoné jumeneng raja
ing Yéhuda nyandhak pitulikur taun,
Zimri dadi raja ing Israèl. Dalemé ana
ing Tirza. Enggoné jumeneng raja lawasé
pitung dina. Nalika semono wong Israèl
lagi padha ngepung Gibeton, kutha ing
tanah Filistia.
16 Nalika padha krungu yèn Zimri gawé
komplotan nglawan Sang Raja, malah
nyédani Sang Raja, sanalika iku uga
ana ing Gibeton kono wong-wong Israèl
padha ngangkat Omri, panglimané, dadi
raja ing Israèl.
17 Omri lan tentarané banjur lunga saka
Gibeton menyang Tirza, ngepung kutha
mau.
18 Bareng weruh yèn kutha mau wis
direbut, Zimri banjur mlebu kedhaton;

kedhaton mau nuli diobong dhéwé, mula
Zimri iya séda.
19 Kuwi padha karo lelakoné Raja
Yérobéam, sebab Zimri iya gawé dosa
marang Allah, lan njalari wong Israèl
mèlu gawé dosa.
20 Riwayaté Zimri liyané, iya bab
enggoné gawé komplotan, wis katulis
ana ing Kitab Sejarahé Raja-raja Israèl.
21 Kecrita ing antarané umat Israèl ana
pasulayan merga ana sebagéan sing
ngiloni Tibni bin Ginat dadi raja, nanging
iya ana sebagéan sing ngiloni Omri.
22 Wekasané sing mihak Omri menang.
Tibni mati, lan Omri jumeneng raja.
23 Kelakoné kuwi nalika Asa enggoné
dadi raja ing Yéhuda nyandhak telung
puluh siji taun. Omri jumeneng raja ana
ing Tirza, lawasé nem taun.
24 Nanging banjur mundhut gunung,
regané 6.000 dhuwit slaka, saka wong
sing jeneng Sèmèr. Omri yasa kutha ing
gunung mau, dijenengaké Samaria, kaya
jenengé wong sing duwé lemah biyèn.
25 Omri nglampahi dosa sing luwih
gedhé ketimbang karo raja-raja sing
mréntah sadurungé.

26 Ora béda karo Yérobéam, Omri
damel dosa lan njalari wong Israèl
padha mèlu gawé dosa, yakuwi nyembah
marang déwa-déwa, nganti gawé dukané
Pangéran, Allah sesembahané Israèl.
27 Riwayaté Omri liyané lan apa sing
digayuh wis katulis ana ing Kitab
Sejarahé Raja-raja Israèl.
28 Omri séda lan disarèkaké, ing
Samaria. Akhab, putrané, nggentèni
jumeneng raja.
29 Nalika Asa enggoné jumeneng raja
ing Yéhuda nyandhak telung puluh wolu
taun, Akhab bin Omri, dadi raja ing
Israèl. Enggoné jumeneng raja lawasé
rolikur taun. Dalemé ana ing Samaria.
30 Akhab dosané marang Allah gedhé
banget, ngungkuli raja-raja sadurungé.
31 Yèn mung kaya dosané Raja
Yérobéam kuwi durung apa-apa, merga
Akhab iya nggarwa Izébèl, putriné
Raja Ètbaal saka Sidon, malah banjur
nyembah marang Baal.
32 Akhab yasa papan pangibadah
kanggo Baal ing Samaria, lan yasa
mesbèh kanggo saos kurban marang
Baal mau,

33 sarta kanggo recané Dèwi Asyéra.
Cekaké dosané ngungkuli dosa-dosa sing
dilakoni déning raja-raja ing Israèl kabèh
ing sadurungé. Mulané Akhab gawé
dukané Pangéran, Allah sesembahané
bangsa Israèl.
34 Ing jamané Akhab dadi raja, kutha
Yérikho dibangun menèh déning Hièl,
wong Bètèl. Nanging kaya sing diweca
déning Yosua bin Nun, anaké Hièl ana
loro sing mati, yakuwi Abiram, anaké
sing mbarep, sing mati nalika Hièl
masang pondhasiné kutha, lan Segub,
anaké ragil iya mati, nalika Hièl masang
gapurané.

17 1 Ing sawijining dina ana nabi,
asmané Élia saka Tisbè ing Giléad,
sowan ing ngarsané Raja Akhab, aturé,
"Demi Pangéran, Allah ingkang gesang,
ingkang kasembah déning tiyang Israèl,
kula ngaturi pirsa dhateng Sang Prabu,
bilih salebetipun kalih utawi tigang taun
ingkang badhé kelampahan menika
mboten badhé wonten bun utawi jawah
satètès kémawon, kejawi menawi kula
nyariyosaken."
2 Sawisé mengkono Gusti Allah
ngandika marang Élia,

3 "Lungaa saka kéné mengétan
menyang sabrangé Kali Yardèn lan
ndhelika ana ing sacedhaké Kali Kerit.
4 Kowé bisa ngombé saka kali kuwi
lan mangan pangan sing diteraké
manuk-manuk gagak sing Dakutus
mrono."
5 Élia netepi dhawuhé Allah lan lunga
menyang Kali Kerit sarta manggon ana
ing kono.
6 Élia ngombé saka kali kono lan
mangan roti sarta daging sing diteraké
déning manuk gagak, saben ésuk lan
soré.
7 Ora wetara suwé Kali Kerit iya sat,
merga ora ana udan.
8 Gusti Allah banjur ngandika marang
Élia,
9 "Saiki lungaa menyang Sarfat,
sacedhaké Sidon lan manggona ing
kana. Aku wis dhawuh marang sawijining
randha supaya awèh mangan marang
kowé."
10 Élia banjur tindak menyang Sarfat.
Bareng tekan gapuraning kutha kono,
pirsa ana randha lagi amèk kayu.
Dhawuhé Élia marang wong wadon mau,
"Aku arep ngombé, jupukna."

11 Nalika wong wadon mau lagi mlaku
njupukaké banyu, Élia ngandika, "Aku
jupukna roti saemplokan."
12 Wong wadon mau mangsuli,
"Demi Allah ingkang gesang, ingkang
panjenengan bektèni, kula matur blaka,
bilih kula mboten gadhah roti saèstu.
Gadhahan kula namung glepung gandum
sagegem wonten ing wadhah sarta lisah
zaitun sakedhik wonten ing botol. Kula
saweg pados kajeng kanggé masak
tetedhan sekedhik menika kanggé kula
lan anak kula. Menika tedha kula ingkang
wekasan; sesampunipun menika, kula
kantun sami ngentosi ngantos dumugi
pejah."
13 Pangandikané Élia, "Aja kuwatir,
aku gawèkna roti saemplokan dhisik
nganggo glepung lan lenga kuwi, banjur
gawanen mréné. Sawisé kuwi gawéa
kanggo kowé lan anakmu.
14 Merga Pangéran, Allah sing dibektèni
déning wong Israèl, ngandika yèn
glepung ing wadhah kuwi bakal ora
entèk-entèk lan lenga ing botol kuwi
bakal ora kalong nganti Allah paring
udan ing bumi."

15 Randha mau banjur nindakaké apa
sing didhawuhaké déning Élia. Wong
telu mau duwé tandhon pangan cukup
kanggo sawetara mangsa.
16 Lan temenan, kaya sing
dingandikakaké déning Allah lantaran
Élia, glepung ing wadhah mau ora
entèk-entèk lan lenga ing botol mau ora
kalong-kalong.
17 Kecrita, ora wetara lawas anaké
randha mau lara. Larané saya banget,
malah banjur mati.
18 Aturé randha mau marang Élia,
"Dhuh abdinipun Allah, kénging menapa
panjenengan mriki lan ngémutaken Allah
dhateng dosa-dosa kula, mila anak kula
dados pejah?"
19 Wangsulané Élia, "Anakmu gawanen
mréné." Élia banjur nampani anak
lanang mau saka géndhonganė ibuné
lan digawa munggah ing kamaré. Bocah
mau nuli disèlèhaké ana ing pesaréané.
20 Élia nuli ndedonga klawan sora,
"Dhuh Pangéran, Allah kawula, kénging
menapa Paduka ndhatengaken bilai
dhateng randha menika? Tiyang menika
sampun damel saé dhateng kawula,

mangka samenika anakipun Paduka
pundhut!"
21 Sawisé mengkono bocah mau
dirungkebi rambah kaping telu karo
nyenyuwun, "Dhuh Pangéran, Allah
kawula, laré menika mugi Paduka
gesangaken malih!"
22 Allah miyarsakaké panyuwuné Élia.
Bocah mau wiwit ambekan lan pulih
waras menèh.
23 Bocahé banjur dipasrahaké marang
ibuné, karo ngandika, "Bu, iki anakmu,
wis urip!"
24 Wangsulané randha mau, "Samenika
kula ngertos, bilih panjenengan menika
abdinipun Allah lan Allah ngandika
lantaran panjenengan."

18 1 Sawisé wetara lawas, nalika
mangsa ketiga dawa mau wis
nyandhak telung tauné, Nabi Élia
kadhawuhan déning Allah mengkéné,
"Sowana raja lan matura yèn Aku bakal
nekakaké udan."
2 Élia banjur budhal. Nalika semono ing
Samaria ana paceklik gedhé.
3 Mulané Akhab nimbali Obaja didhawuhi
sowan. (Obaja kuwi penggedhé sing
ngurusi rumah-tanggané kedhaton,

wong mursid sing ngabekti banget
marang Allah.
4 Nalika Izébèl matèni nabi-nabiné
Allah, Obaja nulungi nabi satus sing
didhelikaké ana ing guwa-guwa, guwa
siji diisèni wong sèket; nabi-nabi mau
diwènèhi mangan lan ngombé.)
5 Pangandikané Akhab marang Obaja,
"Padha ndlajaha negara kabèh lan golèk
tuk utawa kali. Bisa uga kita nemokaké
suket kanggo jaran lan bihal kita, supaya
ingon-ingon kita aja ana siji waé sing
nganti kepeksa kita patèni."
6 Sawisé daérah-daérah sing arep
diteliti dibagé-bagé banjur padha
budhal. Akhab menyang daérah sing siji,
Obaja menyang daérah sijiné.
7 Ana ing dalan Obaja kepethuk karo
Élia. Bareng wis ora pangling menèh,
Obaja banjur sumungkem ngurmati Élia
karo matur, "Menapa èstu panjenengan
menika Nabi Élia?"
8 Wangsulané Élia, "Bener, aku iki Élia.
Sowana Sang Prabu, aturana pirsa yèn
aku ana ing kéné."
9 Aturé Obaja, "Lepat kula menapa déné
panjenengan badhé njlomprongaken
kula supados dipun pejahi déning Akhab?

10 Demi Allah panjenengan ingkang
gesang, kula sumpah bilih Sang
Prabu sampun utusan tiyang madosi
panjenengan ngideri sedaya negari
ing sajagad. Menawi wonten ingkang
mungel, bilih panjenengan mboten
wonten ing ngriku, pangwaos ing ngriku
dipun purih sumpah, bilih panjenengan
èstu mboten wonten ing negari ngriku.
11 Samenika panjenengan ngutus kula
sowan dhateng Akhab lan matur bilih
panjenengan wonten ing ngriki?
12 Menawi kula késah saking ngriki,
Rohipun Pangéran mesthi badhé
mbekta panjenengan kabekta dhateng
panggènan sanès, ingkang mboten
kula sumerepi! Lan menawi kula matur
dhateng Akhab, bilih panjenengan
wonten ing ngriki, mangka Akhab
mboten manggihaken panjenengan,
mesthi kula badhé dipun pejahi, senajan
kula wiwit alit èstu ngabekti dhateng
Allah.
13 Menapa panjenengan dèrèng
midhanget, bilih nalika Izébèl mejahi
nabi-nabinipun Allah, kula ndhelikaken
nabi satus wonten ing guwa-guwa,

saben guwa tiyang sèket, kula sukani
tedha lan ngombé?
14 Pramila kadospundi déné
panjenengan ngutus kula késah
ngaturi pirsa dhateng Sang Raja, bilih
panjenengan wonten ing ngriki? Kula
mesthi badhé dipun pejahi déning
Akhab!"
15 Wangsulané Élia, "Demi Allah kang
mahakwasa, kang dakladosi, aku janji
yèn aku bakal sowan dhéwé marang
Raja Akhab, dina iki uga."
16 Obaja banjur mangkat ngaturi pirsa
marang Sang Prabu, lan Raja Akhab iya
tumuli budhal manggihi Élia.
17 Bareng pirsa Élia Akhab ngandika,
"Lha iki tukang gawé rusuh ana ing
Israèl."
18 Atur wangsulané Élia, "Sanès kula,
nanging panjenengan piyambak lan
kulawarga panjenengan. Panjenengan
sampun nglanggar dhawuh-dhawuhipun
Gusti Allah, mergi nyembah brahala-
brahalanipun Baal.
19 Samenika panjenengan kula aturi
ndhawuhaken supados rakyat Israèl
sedaya nglempak lan kepanggih kaliyan
kula wonten ing Gunung Karmèl. Kula

aturi sesarengan kaliyan nabi-nabinipun
Baal ingkang cacahipun 450 menika lan
nabinipun Asyéra kawan atus, ingkang
piwulangipun dipun ugemi déning Ratu
Izébèl!"
20 Raja Akhab banjur nglumpukaké
rakyat kabèh lan para nabiné Baal ana
ing Gunung Karmèl.
21 Nabi Élia nuli nyelaki rakyat mau
sarta ngandika, "Nganti mbésuk kapan
atimu rangkep mengkono? Yèn Pangéran
kuwi Allah mula padha nyembaha
marang Pangéran. Yèn Baal kuwi
Allah, iya nyembaha Baal!" Rakyat sing
nglumpuk ana ing kono padha meneng
waé.
22 Nabi Élia banjur ngandika, "Saka
antarané nabi-nabiné Allah sing ana
mung aku dhéwé, mangka ing kéné ana
nabiné Baal 450.
23 Saiki aku padha wènèhana sapi
lanang loro; nabi-nabiné Baal konen
njupuk siji, banjur konen nyembelèh,
banjur ditengkel-tengkel. Tengkelané
disèlèhna ana ing mesbèh, nanging aja
diobong dhisik. Sapi sijiné iya bakal
dakgawé mengkono.

24 Nabi-nabiné Baal karebèn ndedonga
marang allahé, lan aku ya dhak
ndedonga marang Pangéran. Endi allah
sing paring wangsulan nganggo geni,
kuwi sing Allah temenan." Rakyat kabèh
padha mangsuli klawan swara sora,
"Inggih, prayogi."
25 Nabi Élia banjur ngandika marang
nabi-nabiné Baal, "Sarèhné kancamu
akèh, kowé miliha dhisik sapimu lan
cawisna. Ndedongaa marang allahmu,
nanging kurbanmu aja kokdokoki geni."
26 Para nabiné Baal banjur milih sapi siji
lan dicawisaké kanggo kurban. Sawisé
mengkono banjur wiwit padha ndedonga
marang Baal, nganti setengah dina,
karo bengak-bengok, "Baal, mugi paring
wangsulan!" Enggoné muni mengkono
mau karo jogèdan ngubengi mesbèh
sing wis dicawisaké. Nanging Baal ora
mangsuli apa-apa.
27 Bareng wis tengah dina Nabi Élia
wiwit moyoki nabi-nabiné Baal mau,
"Olèhmu ndedonga kurang seru!
Panjenengané kuwi rak allah, ta? Bisa
uga lagi tindakan! Utawa bisa uga lagi
saré, mulané kudu kokwungokaké!"

28 Nabi-nabiné Baal enggoné ndedonga
saya seru. Lan kaya adat sabené
wong-wong mau padha natoni awaké
nganggo péso lan blathi nganti getihé
dlèwèran.
29 Mengkono carané wong-wong mau,
kaya wong kesurupan nganti awan.
Nanging ora ana wangsulan lan ora ana
sing nggatèkaké.
30 Nabi Élia banjur ngandika marang
rakyat kabèh, "Padha nyedhaka mréné."
Rakyat banjur padha nyedhak ngubengi
Nabi Élia. Mesbèhé Pangéran sing wis
dibubrah ditata menèh.
31 Nabi Élia mundhut watu rolas, saben
watu siji makili taler Israèl, turuné
Yakub, sing kaparingan nama Israèl
déning Pangéran.
32 Nabi Élia ngedegaké mesbèh sing
kanggo saos kurban marang Allah
nganggo watu rolas mau. Saubengé
mesbèh digawé kalèn, cukup kanggo
madhahi banyu patbelas liter.
33 Nabi Élia iya banjur numpuk kayu
ing sandhuwuré mesbèh mau. Sapi
sing sijiné banjur ditengkel-tengkel lan
ditumpangaké kayu ing sandhuwuré
mesbèh. Nabi Élia banjur ngandika,

"Jupukna banyu patang jun kebak,
banjur siramna ing kurban lan kayuné."
Bareng wis kelakon,
34 ngandika, "Menèh," banjur iya
padha ditindakaké. Dhawuhé, "Sepisan
menèh," lan iya padha dilakoni.
35 Banyuné nganti mili saka ing mesbèh
lan ngebaki kalèné.
36 Bareng wis mangsané saos kurban
wayah soré, Nabi Élia banjur nyelaki
mesbèh karo ndedonga, aturé, "Dhuh
Pangéran, ingkang dipun sembah
déning Abraham, Iskak lan Yakub! Mugi
samenika kersa mbuktèkaken, bilih
Paduka menika Allahipun Israèl, sarta
kawula menika abdi Paduka. Mekaten
ugi bilih sedaya ingkang kawula lampahi
menika atas dhawuh Paduka.
37 Mugi Paduka kersa miyarsakaken
atur kawula dhuh Pangéran! Kersaa
paring wangsulan, supados rakyat sami
sumerep, bilih Paduka menika Pangéran
saha Allah, lan Paduka piyambak ingkang
damel manahipun tiyang menika sami
mratobat."
38 Allah nuli maringi geni saka langit
sing ngobong kurban mau bebarengan
karo kayuné, apa déné watu lan lemahé,

malah geni mau iya ndilat banyu sing
ana ing kalèn.
39 Bareng rakyat weruh kaanan mau
banjur padha sumungkem ing bumi karo
ngucap, "Pangéran kuwi Allah! Pangéran
kuwi Allah temenan!"
40 Pangandikané Nabi Élia, "Nabi-nabiné
Baal cekelen. Aja ana sing oncat!"
Wong-wong akèh mau nuli padha nyekel
nabi-nabiné Baal kabèh, banjur digawa
déning Élia menyang Kali Kison lan
dipatèni ana ing kono.
41 Sawisé mengkono Nabi Élia matur
marang Raja Akhab, "Prayoginipun
panjenengan samenika dhahar rumiyin,
margi sekedhap malih badhé jawah; lah
menika wonten swanten kumrasaking
jawah deres."
42 Akhab banjur tindak karo dhahar,
déné Élia minggah ing Gunung Karmèl.
Ing kono Nabi Élia sujud sumungkem ing
bumi,
43 banjur ndhawuhi abdiné, "Munggaha
ing pucaking gunung lan ndelenga
menyang segara." Abdi mau banjur
munggah, lan bali menèh karo matur,
"Mboten wonten menapa-menapa." Abdi

mau diutus munggah-mudhun kaya
mengkono nganti rambah ping pitu.
44 Bareng ping pituné abdi mau bali
karo matur, "Kula sumerep wonten
mendhung alit, saèpèk-èpèk,[r] dhateng
saking seganten." Nabi Élia banjur
ngandika marang abdiné, "Matura Raja
Akhab, supaya énggal nitih krétané
kondur, supaya ora kebetheng déning
udan."
45 Sanalika langité mendhung, nuli
ana angin banter teka bebarengan
udan deres. Akhab nitih kréta kondur
menyang Yésreèl.
46 Ing wektu kuwi uga Nabi Élia
dikwaosi déning Allah. Jubahé diangkat
lan disabuki, banjur mlajeng ndhisiki
krétané Raja Akhab nganti tekan
gapuranė kutha Yésreèl.

19 1 Kabèh sing ditindakaké déning
Nabi Élia, uga bab enggoné
matèni nabi-nabiné Baal, dicritakaké
déning Raja Akhab marang Izébèl,
garwané.
2 Izébèl banjur utusan abdiné sowan
Nabi Élia karo diweling kandha
mengkéné, "Muga-muga kowé diukum

---

[r]èpèk-èpèk: telapak tangan (bhs. Ind.).

déning para déwa, malah karebèn aku
iya dipatènana, yèn sésuk ing wayah
méné, aku durung matèni kowé kaya
enggonmu wis matèni para nabiné Baal
kuwi."
3 Élia wedi, banjur sumingkir supaya aja
dipatèni. Tindaké karo abdiné menyang
Bèrsyéba ing Yéhuda. Ana ing kana
abdiné ditinggal,
4 banjur tindak dharat sedina menyang
ara-ara lan ngaso ing ngisor wit gedhé.
Ana ing kono Nabi Élia lenggah karo
nyenyuwun supaya nyawané kapundhuta
waé. Aturé, "Dhuh Pangéran, kawula
sampun mboten kiyat. Kawula aluwung
pejah kémawon, margi kawula menika
mboten langkung saé ketimbang kaliyan
para leluhur kawula."
5 Nabi Élia banjur nggléthak ing
ngisor wit mau lan saré. Dumadakan
ana malaékat kang njawil Élia, karo
ngandika, "Tangia, mangana."
6 Élia wungu lan mirsani ngiwa-nengen,
nuli pirsa ing sacedhaké sirahé ana roti
lan kendhi isi banyu. Sawisé dhahar lan
ngunjuk, banjur saré menèh.
7 Malaékaté Pangéran mau rawuh ping
pindhoné sarta njawil Élia karo ngandika,

"Tangia Élia, mangana supaya kuwat
mlaku adoh."
8 Élia banjur wungu sarta dhahar
lan ngunjuk. Sariranė dadi kuwat lan
bisa tindak lawasé patang puluh dina
menyang Gunung Sinai, yakuwi gunungé
Allah.
9 Ana ing kana Nabi Élia saré ana ing
guwa. Gusti Allah banjur ngandika, "Élia,
apa pegawéanmu ana ing kéné?"
10 Atur wangsulané Nabi Élia, "Dhuh
Pangéran, Allah ingkang mahakwasa,
kawula menika nyambut-damel namung
kagem Paduka piyambak. Nanging umat
Israèl sampun nglanggar prejanjianipun
kaliyan Paduka. Mesbèh-mesbèh Paduka
sampun sami dipun jugrugaken lan
nabi-nabi Paduka sami dipun pejahi.
Kantun kawula piyambak, lan samenika
kawula inggih badhé dipun pejahi!"
11 Pangandikané Gusti Allah, "Metua
saka guwa kuwi lan ngadega ing
pucaking gunung ngadhep ing ngarsa-
Ku." Allah banjur tindak langkung.
Ing kono ana prahara gedhé banget,
nganti gunung-gunung padha bengkah
lan watu-watu karang padha gempal,
nanging Pangéran ora ngetingal ing

angin gedhé mau. Sawisé praharané
sirep, banjur ana lindhu, nanging Allah
iya ora ngetingal ana ing lindhu mau.
12 Sawisé mengkono banjur ana geni
teka, nanging Pangéran iya ora ngetingal
ana ing geni kono. Wasana ana swarané
angin kumlisik.
13 Bareng mireng swara mau Nabi
Élia banjur nutupi pasuryané nganggo
jubahé, banjur jumeneng ana ing
lawangé guwa. Ana swara ngandika,
"Élia, apa pegawéanmu ana ing kéné?"
14 Unjuké Élia, "Dhuh Pangéran, Allah
ingkang mahakwasa, selaminipun
kawula nyambut-damel namung kagem
Paduka piyambak. Nanging umat
Israèl sampun nerak prejanjianipun
kaliyan Paduka. Mesbèh-mesbèh Paduka
sampun dipun jugrugaken sedaya lan
nabi-nabi Paduka dipun pejahi. Kantun
kawula piyambak, lan samenika kawula
inggih badhé dipun pejahi ugi!"
15 Dhawuhé Allah, "Balia menyang
ara-ara samun ing Damsyik. Hazaèl
jebadana kanggo tandha enggoné bakal
kaangkat dadi raja ing Siria.
16 Mengkono uga Yéhu bin Nimsi
jebadana, merga dhèwèké bakal dadi

raja ing Israèl, sarta Élisa bin Safat saka Abèl-Mehola jebadana dadi nabi nggentèni kowé.
17 Sapa sing ora dipatèni déning Hazaèl bakal dipatèni déning Yéhu, lan sapa sing oncat saka Yéhu bakal dipatèni déning Élisa.
18 Nanging Aku isih ngarèkaké wong pitung èwu ana ing Israèl sing bakal Dakslametaké, yakuwi sakèhé wong sing tetep setya marang Aku lan ora tau nyembah utawa ngambung marang recané Baal."
19 Nabi Élia banjur budhal lan ketemu karo Élisa ing pategalan, lagi mluku nganggo sapi rolas rakit. Élisa dhéwé nganggo rakitan sing kèri dhéwé. Nalika tindaké ngliwati Élisa, Nabi Élia nuli nyopot jubahé, dienggo nutupi pundhaké Élisa.
20 Élisa banjur ninggal sapi-sapiné mlayoni Élia. Élisa matur, "Keparenga kula pamitan kaliyan tiyang sepuh kula rumiyin, sesampunipun menika lajeng badhé ndhèrèkaken Bapak." Wangsulané Élia, "Sekarepmu. Kowé ora dakpeksa mèlu aku."

21 Élisa banjur bali menyang pategalané;
sapi-sapiné disembelèh. Lukuné
dikethok-kethok digawé kayu obong,
dienggo masak dagingé sapi-sapi mau.
Élisa ngedum-edum dagingé sapi mau
marang para buruhé, lan kabèh banjur
padha mangan. Sawisé mengkono Élisa
nuli ndhèrèkaké tindaké Nabi Élia, dadi
pembantuné.

20 1 Ing sawijining dina Bènhadad,
raja Siria, nglumpukaké tentarané
bebarengan karo raja telung puluh
loro liyané sing padha nggawa kréta
perang lan bala jaranan, nglurug perang
menyang Samaria. Kuthané banjur
dikepung lan diserang.
2 Bènhadad ngutus utusan marang
Akhab, raja Israèl, ing kutha kono,
welingé mengkéné, "Raja Bènhadad
mundhut supados
3 panjenengan masrahaken emas,
slaka, para garwa lan putra-putra
ingkang rosa-rosa."
4 Wangsulané Raja Akhab, "Kula aturi
matur dhateng Raja Bènhadad, bilih
menapa ingkang kapundhut badhé kula
aturaken. Panjenenganipun kénging

ndarbèki kula lan gadhahan kula
sedaya."
5 Sawisé mengkono para utusan
mau bali menèh marang Akhab karo
nggawa welingan kang isi tuntunan
tambahan saka Bènhadad, sing
surasané mengkéné, "Wau Bènhadad
mundhut emas, slaka, para garwa
sarta putra-putra panjenengan ingkang
rosa-rosa.
6 Nanging samenika panjenenganipun
badhé utusan para perwiranipun,
ingkang badhé ngglédhah kedhaton
tuwin griyanipun para punggawa
panjenengan sedaya lan badhé mendhet
menapa kémawon, ingkang dipun
anggep wonten pengaosipun. Para
perwira menika badhé sami dhateng
mbénjing-énjing wanci kados mekaten."
7 Raja Akhab nuli nimbali para
pemimpiné Israèl kabèh lan ngandika,
"Kowé padha ngerti dhéwé yèn wong iki
kepéngin gawé cilaka kita. Aku dikon
masrahaké para garwaku, anak-anakku
sarta emas lan slaka, wis daksaguhi."
8 Aturé para pemimpiné rakyat, "Mboten
sisah dipun turuti. Sang Prabu sampun
kersa ngawon."

9 Mulané Raja Akhab banjur mangsuli marang para utusané Bènhadad, "Kula aturi matur dhateng Raja Bènhadad, bilih kula nyagahi pamundhutipun ingkang kawitan, nanging menggah pamundhutipun ingkang kaping kalih kula mboten rujuk." Utusan-utusan mau banjur padha bali. Ora let suwé padha teka menèh sowan marang Raja Akhab, aturé,

10 "Raja Bènhadad badhé ngutus tentara kathah sanget kanggé nggempur kitha panjenengan, semanten kathahipun ngantos bledug gempuranipun kitha Samaria menika cekap kagegem déning bala ingkang badhé dhateng menika. Bènhadad sampun sumpah supados dipun ukuma déning para déwa, malah dipun pejahana, menawi menika mboten kelampahan!"

11 Wangsulané Raja Akhab, "Kula aturi matur dhateng Raja Bènhadad, ‘Prejurit sejati menika kénging nepuk dhadha sesampunipun perang, mboten sadèrèngipun.’"

12 Wangsulané Raja Akhab mau diaturaké marang Bènhadad, nalika panjenenganè lagi endem-endeman

karo para raja sing dadi balané ana ing
kémahé. Mireng wangsulané Akhab mau
Bènhadad nuli dhawuh marang para
perwirané supaya padha nyerang kutha
Samaria, banjur iya padha mangkat
sanalika.
13 Kecrita ana nabi sowan marang Raja
Akhab, aturé, "Gusti Allah ngandika,
‘Aja wedi karo tentara akèh kuwi.
Dina iki mungsuh-mungsuhmu bakal
Dakulungaké marang kowé, supaya
kowé ngertia yèn Aku iki Allah.’"
14 Pandanguné Akhab, "Sinten ingkang
badhé nyerang rumiyin?" Wangsulané
nabi mau, "Para prejurit ingkang taksih
nèm-nèman, ingkang dipun pimpin
déning para pengagenging daérah.
Mekaten pangandikanipun Allah."
Pandanguné Akhab menèh, "Lajeng
sinten ingkang kedah mimpin serangan
menika?" Wangsulané nabi mau,
"Panjenengan piyambak."
15 Sang Prabu banjur nglumpukaké
prejurit-prejurit sing enom-enom sing
dipimpin déning para penggedhéné
daérah-daérah, nuli mriksa barisan
sing arep dibudhalaké mau. Prejurité
kabèh ana 232. Mengkono uga angkatan

perangé Israèl diklumpukaké. Kabèh ana
wong pitung èwu.
16 Serangan diwiwiti ing wayah awan,
nalika Bènhadad lan raja telung puluh
loro sing dadi balané lagi padha
endem-endeman ngombé anggur ana
ing kémahé.
17 Sing maju dhisik prejurit-prejurit
nonoman. Prejurit-prejurit sing
didhawuhi Bènhadad ngawasi mungsuh
padha lapur yèn ana tentara sawetara
saka Samaria mrono.
18 Bènhadad banjur dhawuh supaya
tentarané mungsuh sing teka mau
dicekel urip-uripan, ora preduli apa
tekané arep perang apa arep ngajak
damé.
19 Serangan diwiwiti déning para
prejurit sing nom-noman sing teka saka
Samaria mau, banjur disusul déning
tentara Israèl.
20 Saben prejurit matèni mungsuh sing
ana ing ngarepé, nganti wong Siria
padha keplayu, banjur dioyak déning
wong Israèl. Nanging Bènhadad bisa
lolos, mlayu nitih jaran, kadhèrèkaké
tentara jaranan sawetara.

21 Raja Akhab iya mèlu nyerbu sarta ngremuk kréta-kréta perang lan matèni jaran-jarané. Ing dina kuwi wong Siria perangé kalah babar-pisan.
22 Nabi sing biyèn sowan Raja Akhab banjur matur, "Prayoginipun sesampunipun menika panjenengan nata kekiyatan, nimbang-nimbang lan menggalih kalayan mateng menapa ingkang badhé panjenengan tindakaken, margi ing taun ngajeng menika raja Siria badhé nyerang panjenengan malih."
23 Para perwirané Raja Bènhadad matur mengkéné, "Allah-allah ingkang dipun sembah tiyang Israèl menika wonten ing paredèn pangwasanipun ageng, pramila kita dipun kawonaken déning tiyang Israèl. Nanging menawi kita perang wonten ing tanah ngaré, kita temtu menang.
24 Kejawi menika prayogi menawi raja tigang dasa kalih menika panjenengan gantos para pengagengipun daérah kémawon.
25 Lajeng Sang Prabu kersaa mbidhalaken tentara ingkang kathahipun sami kaliyan ingkang kala rumiyin kawon menika, mekaten ugi kréta perang

lan bala jaranan. Kita lajeng perang
kaliyan bangsa Israèl wonten ing tanah
ngaré, temtu kita badhé unggul." Raja
Bènhadad nyarujuki sarta manut karo
rembugé para perwira mau.
26 Mulané ing mangsa semi candhaké
Bènhadad mbudhalaké tentarané lan
nglurugi perang bangsa Israèl ana ing
Afèk.
27 Semono uga wong Israèl wis nata
barisané lan metoni perang. Balané
didadèkaké rong pasukan, banjur padha
masang kémah adhep-adhepan karo
wong Siria. Yèn katandhing karo tentara
Siria, sing disebar rata ngebaki daérah
kono, tentara Israèl kuwi mung kaya
wedhus gèmbèl rong pantha.
28 Kecrita ana nabi teka sowan marang
Raja Akhab, aturé, "Mekaten dhawuhipun
Allah, ‘Wong Siria padha ngira, yèn Aku
mung kwasa ana ing pegunungan, lan
ora kwasa ing tanah ngaré. Tentarané
mungsuh sing gedhé banget kuwi bakal
Dakulungaké marang kowé, supaya
kowé lan rakyatmu padha ngertia yèn
Aku iki Allah.’"
29 Seminggu lawasé wong Siria lan
wong Israèl padha manggon ing kémahé

dhéwé-dhéwé. Bareng dina kapituné
banjur wiwit padha nyerang. Ing
peprangan mau wong Israèl matèni
prejurit Siria 100.000.
30 Wong-wong sing oncat saka
pertempuran padha ngungsi menyang
kutha Afèk, nanging ana ing kono padha
kebrukan bètèngé kutha mau, njalari
patiné wong Siria 27.000. Bènhadad
iya keplayu lan ngungsi ing kutha kono,
sarta ndhelik ing omah, ana ing kamar
mburi.
31 Para perwira Siria padha matur
marang Bènhadad, "Criyosipun tiyang,
raja-raja ing Israèl menika kathah
welasipun. Pramila keparenga kula sami
sowan dhateng raja Israèl, kendhitan
bagor lan kalungan tangsul minangka
tandha bilih kita sampun kawon.
Mugi-mugi srana mekaten panjenengan
mboten badhé dipun sédani."
32 Para perwira mau banjur padha
nganggo bagor lan tali ing guluné, padha
séba ing ngarsané Raja Akhab, aturé,
"Bènhadad menika abdi panjenengan.
Panyuwunipun supados mboten
panjenengan pejahi." Pandanguné Raja
Akhab, "Apa sedulurku kuwi isih urip?"

33 Para perwira mau pancèn padha
ngarep-arep pretandha sing becik saka
Raja Akhab. Mula nalika Akhab ngandika
"sedulur," énggal diwangsuli, "Èstu
mekaten, Bènhadad menika sedhèrèk
panjenengan." Akhab banjur ngandika,
"Gawanen mréné!" Bareng Bènhadad
teka, banjur diajak Akhab numpak ing
krétané.
34 Aturé Bènhadad, "Kitha-kitha ingkang
kala rumiyin karebat déning bapak kula
saking bapak panjenengan badhé kula
wangsulaken dhateng panjenengan.
Panjenengan menawi ngersakaken
inggih saged mbikak kantor dagang ing
Damsyik, kados ingkang katindakaken
déning bapak kula kala rumiyin wonten
ing kitha Samaria." Wangsulané Akhab,
"Menawi panjenengan janji kados
mekaten dhateng kula, panjenengan
badhé kula luwari." Akhab banjur gawé
prejanjian karo Bènhadad, sawisé
mengkono Bènhadad banjur diluwari.
35 Atas dhawuhé Pangéran ana nabi
kandha karo nabi kancané, "Aku
penthungen." Nanging kancané mau ora
gelem menthung.

36 Mulané nabi mau clathu, "Sarèhné
kowé ora gelem nglakoni dhawuhé
Pangéran, sabalimu saka kéné kowé
bakal ditubruk singa." Temenan,
salungané saka kono, wong mau
ditubruk singa, temahan mati.
37 Nabi sing didhawuhi déning Pangéran
mau nuli nemoni wong liya lan kandha,
"Aku penthungen!" Nabi mau nuli
dipenthung seru banget, nganti tatu.
38 Sawisé mengkono banjur lunga,
ngadeg ing pinggir dalan, ngentèni Sang
Prabu langkung kono. Mripaté nabi mau
diblebed kanggo nylamur, supaya ora
konangan.
39 Bareng Sang Prabu langkung ing
kono, nabi mau matur, "Dhuh Sang
Prabu, nalika kula perang, wonten
prejurit masrahaken tawanan dhateng
kula, kaliyan mungel mekaten, ‘Wong iki
jaganen sing becik. Yèn nganti mlayu,
kowé bakal dakpatèni kanggo liruné
wong mau utawa kowé kudu mbayar aku
telung èwu dhuwit slaka.’
40 Nanging nalika kula èwed mrika-
mriki tiyangipun ical." Pangandikané
Sang Prabu, "Kowé dhéwé wis gawé

putusan bab paukumanmu, mulané ya
sangganen."
41 Nabi mau banjur mbukak blebed sing
nutupi mripaté; Raja Akhab ora pangling
yèn wong kuwi panunggalané nabi.
42 Nabi mau banjur matur marang
Sang Prabu mengkéné, "Mekaten
pangandikanipun Allah, ‘Wong sing
Dakdhawuhi supaya dipatèni jebul
kokeculaké. Mulané kowé bakal mati,
minangka liruné. Tentaramu bakal
ditumpes, minangka liruné tentara sing
dieculaké.’"
43 Raja Akhab banjur kondur menyang
Samaria klawan sedhih campur duka.
21 1 Ing sacedhaké kedhatoné Raja
Akhab ana kebon anggur duwèké
wong Yésreèl jenengé Nabot.
2 Ing sawijining dina Akhab ngandika
marang Nabot, "Kebon anggurmu kuwi
dakpèké, sebab kebon kuwi cedhak
karo kedhatonku, lan aku kepéngin
nandur sayuran ana ing kono. Kowé
dakijoli kebon anggur sing luwih becik
ketimbang karo kuwi, utawa yèn kowé
milih dhuwit, kebon kuwi daktukuné
nganggo rega sing patut."

3 Atur wangsulané Nabot, "Kebon
anggur menika warisan saking para
leluhur kula, pramila demi Allah,
mboten badhé kula caosaken dhateng
panjenengan!"
4 Klawan penggalih sedhih campur
duka merga wangsulané Nabot mau,
Akhab kondur, nggloso ing pesaréané
ngadhepaké témbok lan ora kersa
dhahar.
5 Nuli dituwèni déning Izébèl, garwané,
karo nyuwun pirsa mengkéné, "Kénging
menapa gerah ing penggalih, lan mboten
kersa dhahar?"
6 Wangsulané Akhab, "Merga aku ora
seneng karo Nabot. Aku kepéngin nuku
kebon angguré, utawa yèn dhèwèké
gelem, arep dakijoli kebon anggur liyané
sing luwih becik, nanging dhèwèké ora
olèh!"
7 Wangsulané Izébèl, "Lho, panjenengan
menika rak raja. Mangga wungu lan
dhahar, mboten prelu dipun penggalih,
sebab kebon anggur menika badhé kula
hadiahaken dhateng panjenengan!"
8 Sawisé mengkono Izébèl banjur
nulis layang, sing ditapak-astani lan
disègel déning Akhab. Layang mau

dikirim marang para penggedhé lan para
pemimpin masarakat ing Yésreèl.
9 Surasané layang mau mengkéné,
"Umumna supaya rakyat padha pasa lan
klumpukna. Ing kumpulan kono Nabot
lungguhna ing ngarep.
10 Banjur akona wong ala loro lungguh
ing ngarepé, sing ndakwa marang Nabot,
yèn dhèwèké wis ngala-ala marang
Allah lan Sang Prabu. Banjur gawanen
menyang njaban kutha, benturana watu
nganti mati."
11 Dhawuhé Izébèl mau ditindakaké
déning para penggedhé lan para
pemimpiné masarakat ing Yésreèl.
12 Rakyat dikon pasa, banjur
diklumpukaké, lan Nabot dilungguhaké
ana ing ngarep.
13 Nabot banjur didakwa ing ngarepé
wong akèh, yèn dhèwèké wis ngala-ala
marang Allah lan Raja. Mulané banjur
digawa menyang sanjabané kutha lan
dibenturi watu nganti mati.
14 Sawisé mengkono Izébèl banjur
diaturi uninga yèn Nabot wis dibenturi
watu nganti mati.
15 Satampané pawarta mau Izébèl
banjur matur marang Akhab, "Nabot

sampun pejah. Sumangga panjenengan
tindak mrika ngwaosi kebon anggur
ingkang rumiyin dipun kekahi,
ngantos mboten purun nyadé dhateng
panjenengan."
16 Akhab énggal-énggal mangkat lan
kebon anggur mau dianggep dadi
kagunganė.
17 Gusti Allah banjur ngandika marang
Nabi Élia, nabi saka Tisbè,
18 "Akhab, raja Samaria, saiki ana ing
kebon angguré Nabot, arep ngwasani
kebon kuwi. Akhab paranana,
19 lan kandhaa yèn Aku ngandika
mengkéné, ‘Sawisé matèni saiki iya arep
ngrampas! Mulané ana ing panggonané
asu padha ndilati getihé Nabot, iya ing
kono asu-asu bakal ndilati getihmu!’"
20 Bareng Akhab pirsa Nabi Élia, nuli
ngandika mengkéné, "Éh, kliliping
mripatku. Saiki kowé ketemu karo aku!"
Wangsulané Nabi Élia, "Kesinggihan
mekaten. Mergi panjenengan kalayan
njarag nglampahi piawon ingkang dipun
awisi déning Allah,
21 pramila Allah sampun ngandika
mekaten dhateng panjenengan, ‘Aku
bakal nekakaké paukuman marang

kowé. Kowé bakal Daksirnakaké lan
saben wong lanang ing kulawargamu,
tuwa enom bakal Daktumpes.
22 Kulawargamu bakal ngalami kaya
sing dialami déning kulawargané
Yérobéam bin Nébat lan kulawargané
Raja Baésa bin Ahia, merga kowé wis
njalari wong Israèl padha gawé dosa,
nganti gawé duka-Ku.'
23 Lan kanggé Izébèl, Allah ngandika,
bilih badanipun badhé kamangsa ing
segawon ing kitha Yésreèl.
24 Sinten kémawon saking kulawarga
panjenengan ingkang pejah ing kitha,
jisimipun badhé kamangsa ing segawon
lan ingkang pejah ing sanjawinipun kitha
badhé katedha déning peksi-peksi."
25 Ora tau ana wong sing nékadé kaya
Raja Akhab enggoné nglakoni piala
gedhé ana ing ngarsané Allah, merga
diojok-ojoki déning Izébèl, garwané.
26 Akhab nglampahi dosa-dosa sing
asor banget. Panjenengané nyembah
marang brahala kaya sing ditindakaké
déning wong Amori, yakuwi wong-wong
sing dilungungakaké déning Allah saka
tanah Kenaan, nalika wong Israèl padha
mlebu ing tanah kono.

27 Bareng Nabi Élia rampung enggoné
matur, Akhab nuli nyuwèk agemané
lan ngagem ageman bagor, pretandha
enggoné nlangsa. Panjenengané siyam,
sarta yèn saré iya ngagem ageman
bagor, samasa tindak-tindak pasuryané
katon sedhih.
28 Gusti Allah banjur ngandika marang
Nabi Élia,
29 "Apa kowé wis weruh Akhab enggoné
andhap-asor ana ing ngarsa-Ku?
Yèn uwis, paukuman-Ku ora arep
Daktekakaké sajroné Akhab isih urip,
nanging samasa anaké wis nggentèni,
merga Aku bakal nekakaké bilai mau
marang turuné."

22

1 Rong taun lawasé kaanané
tentrem; ora ana perang ing
antarané Israèl lan Siria.
2 Bareng taun sing katelune Yosafat,
raja Yéhuda tuwi marang Akhab, raja
Israèl.
3 Sadurungé Akhab wis ngandika karo
para perwiranė, "Kutha Ramot ing Giléad
kuwi rak duwèk kita. Yagéné ora kita
rebut saka raja Siria?"
4 Dadi, nalika Yosafat rawuh, Akhab
ngandika, "Menapa panjenengan kersa

sesarengan kaliyan kula ngrebat kitha
Ramot?" Wangsulané Yosafat, "Menawi
kita sesarengan kula purun; tentara
lan prejurit kapalan kula badhé kula
tumutaken.
5 Nanging prayoginipun kita nyuwun
pirsa rumiyin dhateng Gusti Allah."
6 Raja Akhab banjur nglumpukaké nabi
400 sarta ndangu para nabi mau, "Kula
angsal nyerang Ramot menapa mboten?"
Wangsulané para nabi, "Inggih angsal.
Gusti Allah badhé paring kaunggulan
dhateng panjenengan."
7 Nanging Yosafat ngandika menèh,
"Menapa wonten nabi sanèsipun ingkang
saged dados lantaran kita nyuwun pirsa
dhateng Pangéran?"
8 Wangsulané Raja Akhab, "Wonten
setunggal, Nabi Mikha bin Yimla.
Nanging kula mboten cocog kaliyan
piyambakipun, awit mboten naté
meca saé kanggé kula; selaminipun
namung ingkang awon kémawon."
Ngandikané Yosafat, "Ah, sampun
ngandika mekaten."
9 Raja Akhab nimbali punggawa
kedhaton diutus énggal-énggal methuk
Nabi Mikha.

10 Nalika semono Akhab lan Yosafat
padha ngagem ageman keprabon sarta
lenggah ing kursi keprabon ana ing alun-
alun, cedhak gapurané kutha Samaria.
Nabi-nabi kabèh padha ngadhep prelu
nglapurakè ramalané.
11 Ana nabi, sing jeneng Zedekia bin
Kenaanah, gawé sungu-sungunan saka
wesi, lan matur marang Akhab, "Mekaten
pangandikanipun Allah, ‛Srana sungu
mengkéné iki enggonmu bakal merangi
lan numpes wong Siria.’"
12 Nabi-nabi liyané padha ngrujuki,
aturé, "Menawi Sang Prabu nyerang
Ramot, panjenengan badhé unggul, awit
Allah badhé paring kaunggulan."
13 Déné para punggawa sing methuk
Nabi Mikha kandha karo Nabi Mikha
mengkéné, "Nabi-nabi sanèsipun sedaya
sampun ngramalaken bilih Sang Prabu
badhé unggul, pramila prayogi menawi
bapak inggih ngramalaken ingkang saé."
14 Nanging Nabi Mikha mangsuli, "Demi
Allah ingkang gesang, kula janji, bilih
menapa ingkang dipun ngandikakaken
déning Allah, menika kémawon ingkang
badhé kula aturaken!"

15 Sawisé Nabi Mikha tekan ngarsané
Raja Akhab banjur didangu, "Mikha, Raja
Yosafat lan kula angsal nyerang kitha
Ramot menapa mboten?" Wangsulané,
"Mangga, kula aturi nyerang kémawon!
Pangéran badhé paring kaunggulan
dhateng panjenengan."
16 Wangsulané Raja Akhab, "Menawi
ngandika dhateng kula atas asmanipun
Pangéran, kula aturi blaka. Panjenengan
rak sampun wongsal-wangsul kula
émutaken."
17 Aturé Nabi Mikha, "Kula sumerep
tentara Israèl sami pating slebar ing
redi-redi, kados ménda tanpa pangèn.
Pramila Allah ngandika, ‘Wong-wong
iki karebèn padha mulih kanthi slamet,
sebab padha ora duwé pemimpin.’"
18 Raja Akhab banjur ngandika marang
Yosafat, "Rak leres ta atur kula dhateng
panjenengan wau? Tiyang menika
mboten naté ngramalaken ingkang
saé kanggé kula. Selaminipun namung
ingkang awon kémawon."
19 Aturé Nabi Mikha menèh, "Samenika
kula aturi midhangetaken dhawuhipun
Allah. Kula ningali Allah lenggah
ing dhamparing swarga, lan para

malaékatipun sedaya jumeneng ing
sacelakipun.
20 Allah ndangu, ‘Sapa sing bisa mbujuk
Raja Akhab supaya mangkat perang lan
dipatèni ana ing Ramot?’ Ing antawisipun
para malaékat wonten ingkang matur
mekaten lan mekaten.
21 Wusana wonten roh majeng, nyelaki
Gusti Allah kaliyan matur, ‘Piyambakipun
badhé kula apusi.’
22 Pandangunipun Gusti Allah, ‘Carané
kepriyé?’ Atur wangsulanipun roh wau,
‘Kula badhé késah mrika, lajeng badhé
mbujuk para nabinipun Akhab, supados
sedaya sami goroh.’ Pangandikanipun
Gusti Allah, ‘Ya, becik, wis lakonana.
Merga enggonmu mbujuk bakal olèh
gawé.’"
23 Wusana Nabi Mikha banjur
matur, "Lah menika ingkang sampun
kelampahan! Allah sampun damel
para nabi panjenengan sami nggorohi
panjenengan, margi Allah sampun
netepaken, bilih panjenengan badhé
ngalami cilaka."
24 Nabi Zedekia banjur maju nyedhaki
Nabi Mikha; Mikha dikampleng sirahé

karo muni, "Dhèk kapan Rohé Allah metu
saka aku lan ngrasuki kowé?"
25 Wangsulané Nabi Mikha, "Mbésuk
kowé bakal weruh, samasa kowé
mlebu-metu ing kamar-kamar golèk
pandhelikan."
26 Dhawuhé Akhab, "Wong kuwi
cekelen. Sowanna Amon, wali kota lan
marang Yoas.
27 Karebèn ditahan ing pakunjaran, lan
konen mènèhi mangan sethithik waé,
nganti satekaku."
28 Aturé Nabi Mikha, "Menawi
panjenengan kondur kalayan wilujeng,
ateges Gusti Allah mboten ngandika
lantaran kula!" Banjur nyambeti, "Hé
wong sabangsa kabèh, padha rungokna."
29 Sawisé mengkono Akhab, raja Israèl
lan Yosafat, raja Yéhuda padha nglurug
perang nyerang kutha Ramot ing Giléad.
30 Akhab ngandika marang Yosafat,
"Kula badhé nylamur lan tumut perang,
nanging panjenengan prayogi ngagem
ageman keprabon." Dadi raja Israèl mau
nylamur, banjur mèlu perang.
31 Nalika semono para panglima perang
Siria, sing cacahé telung puluh loro
wis diabani déning rajané supaya aja

nyerang wong liya, mung nyeranga raja
Israèl waé.
32 Mulané bareng weruh Raja Yosafat,
kabèh padha ngira yèn kuwi raja Israèl,
banjur padha ngesuk maju nyerang Raja
Yosafat. Bareng Yosafat nguwuh,
33 lagi padha ngerti yèn dudu raja
Israèl, banjur padha mundur.
34 Nanging tanpa dijarag ana prejurit
Siria narik gendhéwané nglepasaké
panah srampangan, jebul ngenani Raja
Akhab. Panahé tumancep ing antarané
sabuk karo agemané keré,[s] natoni Sang
Prabu. Raja Akhab ngandika marang
kusiré kréta perang sing dititihi, "Aku
ketaton, mbalika. Aku gawanen metu
saka barisan!"
35 Ing dina kuwi perangé saya ramé lan
Raja Akhab disangga supaya jumeneng
jejeg ana ing kréta, ngadhepaké tentara
Siria. Nanging rahé mili terus saka
tatuné, mblabar ana ing jrambahé kréta.
Soré kuwi Sang Prabu séda.
36 Bareng ngarepaké surup tentara
Israèl diabani supaya padha bali

---

[s]keré: rangkepan nglebet saking tosan (rasukan/sandhangan perang).

menyang kutha lan daérahé dhéwé-
dhéwé,
37 merga Sang Prabu séda. Satekané
tentara Israèl mau ing Samaria, Sang
Prabu nuli disarèkaké.
38 Nalika krétané dikumbah ana ing
blumbang ing Samaria, para wantia tuna
susila lagi padha adus. Banjur ana asu
padha ndilati getihé Akhab sing ana
ing jrambahé kréta, cocog karo sing
dingandikakaké déning Allah.
39 Riwayaté Raja Akhab liyané, bab
kedhatoné gadhing lan kutha-kutha
kabèh sing dibangun, wis ditulis ana ing
Kitab Sejarahé Raja-raja Israèl.
40 Sawisé Akhab séda, Ahazia putrané
nggentèni jumeneng raja.
41 Nalika Akhab enggoné jumeneng
raja ing Israèl nyandhak taun ping paté,
Yosafat, putrané Raja Asa, jumeneng
raja ing Yéhuda.
42 Nalika semono yuswané Yosafat
telung puluh lima taun lan dedalem ing
Yérusalèm. Enggoné jumeneng raja
lawasé selawé taun. Asmané ibuné
Azuba, putrané Silhi.
43 Yosafat lelampahané becik ana ing
ngarsané Allah, kaya Asa, ramané

sing jumeneng raja sadurungé
Yosafat.(22-44) Mung waé papan-papan
panyembahan brahala ora digempur,
mulané rakyat isih waé saos kurban lan
ngobong menyan ana ing papan-papan
mau.
44 (22-45) Yosafat srawungé karo raja
ing Israèl becik.
45 (22-46) Riwayaté Yosafat liyané, bab
kekendelané lan peprangan-peprangan
sing ditindakaké, kabèh wis katulis ing
Kitab Sejarahé Raja-raja ing Yéhuda.
46 (22-47) Panjenengané nglungakaké
sakèhé wanita lan priya tuna susila
sing ngladèni ana ing mesbèh-mesbèhé
brahala, sing isih padha kari wiwit
jamané Raja Asa, ramané.
47 (22-48) Nalika semono tanah Édom
ora duwé raja, mulané daérah mau
dipréntah déning bupati, sing diangkat
déning Raja Yosafat.
48 (22-49) Kanggo njupuk emas
saka Ofir, Raja Yosafat yasa kapal
gedhé-gedhé. Nanging kapal-kapal mau
ora sida lelayaran, sebab rusak ana ing
Ézion-Gèbèr.
49 (22-50) Raja Ahazia saka Israèl
ngajak supaya wong-wongé lelayaran

bebarengan karo wong-wongé Raja
Yosafat, nanging Yosafat ora kersa.
50 (22-51) Yosafat séda lan disarèkaké
ana ing pesaréané raja-raja ing kuthané
Dawud. Yoram, putrané nggentèni
jumeneng raja.
51 (22-52) Nalika Yosafat enggoné
jumeneng raja nyandhak kaping pitung
tauné, Ahazia, putrané Akhab, jumeneng
raja ing Israèl; lawasé rong taun.
52 (22-53) Raja Ahazia nglampahi dosa
ing ngarsané Allah merga niru tuladha
sing ala saka Akhab, ramané, lan saka
Izébèl, ibuné, sarta saka Raja Yérobéam,
sing njalari wong Israèl padha gawé
dosa.
53 (22-54) Raja Ahazia mau nyembah
marang Baal. Lan kaya ramané, sing
jumeneng raja sadurungé, Ahazia gawé
dukané Pangéran, Allah sing disembah
wong Israèl.

2 Raja-Raja

1 [1] Sawisé Akhab, raja Israèl séda,
tanah Moab mbrontak nglawan
Israèl.
[2] Ing sawijining dina Ahazia, raja
Israèl ing Samaria, dhawah saka
jendhélaning lotèngé, nganti gerah
banget. Panjenengané banjur utusan
wong takon marang Baalzebub, déwané
wong Ékron ing Filistin, apa gerahé mau
bisa mari apa ora.
[3] Nanging Malaékaté Pangéran ngutus
Élia, nabi saka Tisbè, nemoni para
utusané Raja Ahazia mau, didhawuhi
kandha mengkéné, "Apa ing Israèl ora
ana Allah, kokkowé nganti keraya-raya
arep takon marang Baalzebub, déwané
wong Ékron?
[4] Matura karo Sang Prabu, yèn Gusti
Allah ngandika mengkéné, ‘Kowé ora
bakal mari, malah bakal mati!’" Nabi Élia
nindakaké dhawuhé Pangéran.
[5] Para utusan banjur padha mulih sowan
ing ngarsané Sang Prabu. Sang Prabu
ndangu, "Yagéné kowé kokpadha bali?"

6 Atur wangsulané para utusan,
"Wonten tiyang jaler dhateng manggihi
kula; tiyang wau akèn kula kapurih sami
wangsul kémawon, sarta matur dhateng
Sang Prabu, bilih Gusti Allah dhawuh
dhateng Sang Prabu mekaten, ‘Apa ing
Israèl ora ana Allah, kokkowé nganti
keraya-raya kongkonan wong takon
marang Baalzebub, déwané wong Ékron?
Kowé ora bakal mari, malah bakal mati!’"
7 Pendanguné Sang Prabu, "Wongé
rupané kaya apa?"
8 Aturé kang didangu, "Tiyangipun
nganggé jubah, mawi sabuk lulang."
Pangandikané Sang Prabu, "Oh, kuwi
Élia!"
9 Sang Prabu banjur utusan perwira
karo prejurit sèket didhawuhi nyekel
Nabi Élia. Perwira mau nuli mangkat
marani; Nabi Élia lagi lenggah ing
pucaking punthuk. Pangucapé perwira
mau, "Hèh abdiné Allah, kowé didhawuhi
Sang Prabu supaya mudhun."
10 Wangsulané Nabi Élia, "Yèn aku iki
abdiné Allah, anaa bledhèg saka langit
nyamber kowé lan prejurit-prejuritmu!"
Sanalika iku uga ana bledhèg nyamber
perwira mau lan prejurité kabèh.

11 Sang Prabu banjur ngutus perwira
karo prejurit sèket menèh. Iya banjur
padha mangkat lan kandha karo Nabi
Élia, "Hèh abdiné Allah, kowé didhawuhi
Sang Prabu mudhun, saiki iki!"
12 Wangsulané Nabi Élia, "Yèn aku iki
abdiné Allah, anaa bledhèg saka langit
nyamber kowé lan prejurit-prejuritmu
kabèh." Sanalika iku uga ana bledhèg
saka langit nyamber perwira mau lan
para prejurité kabèh.
13 Sepisan menèh Sang Prabu ngutus
perwira karo prejurit sèket. Perwira
munggah ing punthuk lan satekané ing
pucak banjur sujud ing ngarsané Nabi
Élia, aturé, "Nyuwun ngapunten bapak,
abdinipun Allah! Kula lan prejurit-prejurit
kula mugi panjenengan welasi; sampun
ngantos panjenengan pejahi!
14 Perwira kalih lan prejuritipun sedaya
sampun sami pejah kasamber bledhèg.
Nanging kula nyuwun sih-kawelasan
panjenengan!"
15 Ing wektu kuwi Malaékaté Pangéran
ngandika marang Nabi Élia, "Aja wedi!
Mudhuna, mèlua wong kuwi." Mulané
Nabi Élia iya banjur mudhun, mèlu
perwira mau sowan Sang Prabu.

16 Aturé Nabi Élia marang Sang Prabu,
"Pangandikanipun Allah mekaten,
‘Sarèhné kowé kongkonan wong takon
karo Baalzebub, déwané wong Ékron,
kaya-kaya ing Israèl ora ana Allah, sing
bisa disuwuni pirsa, mulané kowé bakal
ora mari, malah bakal mati!’"
17 Raja Ahazia banjur séda kaya sing
dingandikakaké déning Allah lantaran
Nabi Élia. Ahazia ora kagungan putra
kakung, mulané Yoram, rayiné nggentèni
jumeneng raja. Kedadéané mau nalika
Yoram, putrané Yosafat, enggoné
jumeneng ing Yéhuda nyandhak taun
kapindho.
18 Riwayaté Raja Ahazia kuwi wis katulis
ing Kitab Sejarahé Raja-raja ing Israèl.

2 1 Nalika wis tekan wektuné Gusti
Allah ngangkat Nabi Élia menyang
swarga lantaran angin lésus. Nabi Élia
lan Nabi Élisa lagi padha tindak saka
Gilgal.
2 Sajroné padha tindak mau Nabi Élia
ngandika marang Nabi Élisa, "Kowé
ngentènana ing kéné; aku didhawuhi
Gusti Allah lunga menyang Bètèl."
Nanging Nabi Élisa matur, "Demi
asmanipun Allah ingkang gesang lan

demi gesang panjenengan, kula mboten
badhé nilar panjenengan." Mulané
banjur padha nerusaké tindaké menyang
Bètèl.
3 Ing kono ana nabi sawetara sing
padha nemoni Nabi Élisa lan nyuwun
pirsa, "Menapa panjenengan pirsa,
bilih ing dinten menika Nabi Élia
badhé kapundhut déning Allah lan nilar
panjenengan?" Wangsulané Nabi Élisa,
"Aku wis ngerti. Nanging prekara kuwi
ora susah kita rembug."
4 Nabi Élia nuli ngandika marang Nabi
Élisa, "Karia ing kéné; aku didhawuhi
Pangéran lunga menyang Yérikho."
Nanging Nabi Élisa mangsuli, "Demi
Allah ingkang gesang lan gesang
panjenengan, kula mboten badhé nilar
panjenengan." Mulané banjur padha
tindak bebarengan menyang Yérikho.
5 Ana nabi sawetara sing manggon
ing kono, padha nemoni Nabi Élisa lan
nyuwun pirsa, "Menapa panjenengan
pirsa, bilih ing dinten menika Nabi Élia
badhé kapundhut déning Pangéran lan
nilar panjenengan?" Wangsulané Nabi
Élisa, "Aku wis ngerti. Nanging prekara
kuwi ora susah dirembug."

6 Nabi Élia banjur ngandika marang
Nabi Élisa, "Kowé karia ing kéné, aku
didhawuhi déning Pangéran lunga
menyang Kali Yardèn." Nanging Nabi
Élisa mangsuli, "Demi Allah ingkang
gesang lan gesang panjenengan, kula
mboten badhé nilar panjenengan."
Banjur padha nerusaké tindaké
7 menyang Kali Yardèn, didhèrèkaké
nabi sèket. Nabi Élia lan Nabi Élisa banjur
padha jumeneng ing pinggiré Kali Yardèn
lan nabi sèket mau padha ngadeg ora
adoh saka kono.
8 Nabi Élia mundhut jubahé, banjur
digulung lan disabetaké ing banyuné
kali. Banyuné kali mau piyak dadi loro,
temah Nabi Élia lan Nabi Élisa bisa tindak
napak ing dhasaring kali sing asat.
9 Sawisé nyabrang Nabi Élia ndangu
marang Nabi Élisa, "Sadurungé aku
dipundhut déning Allah lan pisah
karo kowé, kowé njaluk apa?" Aturé
Nabi Élisa, "Kula kaparingana roh
panjenengan kalih panduman,[a] supados
kula saged nggentosi panjenengan."

---

[a]kalih panduman: warisan bagéanipun anak mbajeng.

10 Wangsulané Nabi Élia, "Kuwi prekara
sing ora gampang. Éwasemono yèn
mengko wektuné aku kapundhut déning
Pangéran kowé weruh aku kaangkat,
penjalukmu bakal keturutan. Nanging
yèn kowé ora weruh enggonku kaangkat,
penjalukmu iya ora keturutan."
11 Sajroné padha nerusaké tindak
padha ngandikan. Dumadakan ana kréta
murub ditarik jaran murub misahaké
wong loro mau, lan Nabi Élia kaangkat
menyang swarga déning angin lésus.
12 Nabi Élisa pirsa lelakon mau,
lan mbengok, "Élia! Bapak! Bapak!
Pahlawanipun Israèl ingkang prakosa!
Bapak wis ora ana!" Élia wis ora katon
menèh. Saka sedhihé Nabi Élisa nyuwèk
jubahé dadi loro;
13 jubahé Nabi Élia sing tiba nuli
dipundhut, banjur jumeneng menèh ing
pinggiré Kali Yardèn.
14 Jubahé Nabi Élia mau disabetaké ing
banyuné kali karo ngandika, "Ana ing
ngendi Pangéran, Allahé Élia?" Banyuné
nuli piyak lan Nabi Élisa nyabrang metu
ing dhasaring kali sing asat.
15 Para nabi sèket saka Yérikho padha
weruh lelakon mau, mulané padha

kandha, "Pangwasané Élia wis ngalih
menyang Élisa!" Banjur padha sujud ing
ngarsané Nabi Élisa,
16 aturé, "Kula tiyang sèket menika
rosa-rosa. Pramila kula sami badhé
madosi Élia, bapak panjenengan. Saged
ugi Élia kaasta déning Rohipun Pangéran
dhateng redi utawi dhateng jurang sarta
kasèlèhaken ing ngrika." Wangsulané
Nabi Élisa, "Ora susah!"
17 Nanging sarèhné padha ndhesek,
Nabi Élisa iya banjur nglilani. Wong
sèket mau banjur padha budhal nggolèki
Nabi Élia nganti telung dina, nanging ora
ketemu.
18 Sawisé mengkono banjur padha
bali sowan marang Nabi Élisa, sing isih
ngentèni ana ing Yérikho. Pangandikané
Nabi Élisa, "Aku rak wis kandha: ‘Ora
susah digolèki.’"
19 Ana wong sawetara saka Yérikho
sowan ing ngarsané Nabi Élisa lan matur
mengkéné, "Bapak pirsa piyambak, bilih
kitha menika saé, nanging toyanipun
awon, mila asring wonten bayi kluron."[b]
20 Pangandikané Nabi Élisa, "Aku
jupukna mangkok anyar, isènana uyah."

---

[b]kluron: lair dèrèng wancinipun.

Banjur padha ngaturaké apa sing
dipundhut mau.
21 Nabi Élisa banjur tindak menyang
sendhang sing banyuné ala mau lan
nyawuraké uyahé ing sendhang kono,
karo ngandika, "Pangandikané Pangéran
mengkéné, ‘Banyu iki Dakgawé tawa,
supaya ora njalari mati utawa kluroné
bayi!’"
22 Sebanjuré banyu mau dadi becik,
kaya ngandikané Nabi Élisa.
23 Sawisé mengkono Nabi Élisa miyos
saka Yérikho tindak menyang Bètèl.
Ing dalan kono ana bocah sawetara
bengok-bengok moyoki: "Hé gundhul,
munggaha, munggaha."
24 Nabi Élisa nolèh lan mirsani bocah-
bocah mau karo diipat-ipati ing asmané
Allah. Sanalika iku uga ana bruwang
wadon loro metu saka grumbulan lan
nyempal-nyempal bocah-bocah mau;
cacahé ana patang puluh loro.
25 Nabi Élisa banjur nerusaké tindaké
menyang Gunung Karmèl, lan saka kana
kondur menyang Samaria.
3 1 Nalika Yosafat enggoné jumeneng
raja ing Yéhuda nyandhak wolulas
taun, Yoram, putrané Akhab, wiwit

jumeneng raja ing Israèl, dedalem ing
Samaria. Lawasé jumeneng raja rolas
taun.
2 Yoram ora mbangun-turut marang
Allah, senajan ora nganti kaya dosané
wong tuwané, yakuwi Akhab lan Izébèl.
Reca-reca sing digawé déning ramané
kanggo nyembah Baal dirusak.
3 Nanging ora béda karo Raja Yérobéam
bin Nébat, Yoram uga tansah njalari
Israèl gawé dosa.
4 Mésa raja Moab, sugih raja-kaya.
Saben taun Mésa mbayar pajeg marang
raja Israèl rupa wedhus gèmbèl lanang
100.000 lan wuluné wedhus gèmbèl
lanang 100.000.
5 Nanging sasédané Raja Akhab, Mésa
mbrontak marang raja Israèl.
6 Mulané Raja Yoram miyos saka
Samaria lan mriksa angkatan perangé.
7 Yoram utusan marang Raja Yosafat ing
Yéhuda, didhawuhi matur mengkéné,
"Raja Moab mbrontak dhateng kula.
Panjenengan kersaa mbiyantu kula
merangi raja Moab." Wangsulané Raja
Yosafat, "Inggih, kula purun. Kula badhé
dhateng mbekta bala kula sarta prejurit
jaranan.

8 Kita badhé nyerang saking pundi?" Wangsulané Raja Yoram, "Medal ara-ara samun Édom."

9 Raja Yoram banjur budhal, bebarengan karo raja Yéhuda lan raja Édom. Sawisé ana ing dalan pitung dina padha kentèkan banyu, mula bala jaranan lan kéwan-kéwan sing nggawa momotan padha kasatan.[c]

10 Pangandikané Raja Yoram, "Wah, cilaka kita. Allah badhé ngulungaken kita tetiga ing tanganipun raja Moab!"

11 Raja Yosafat ndangu, "Menapa ing ngriki wonten nabinipun Allah, ingkang saged nglantaraken kita nyuwun pitedahipun Pangéran?" Ana perwirané Raja Yoram munjuk, "Élisa bin Safat wonten ing ngriki. Piyambakipun rumiyin dados pembantunipun Nabi Élia."

12 Pangandikané Raja Yosafat, "Leres, Gusti Allah ngandika lantaran piyambakipun." Raja telu mau banjur padha nemoni Nabi Élisa.

13 Nanging Nabi Élisa matur, "Kula mboten badhé mitulungi panjenengan." Wangsulané Raja Yoram, "Mboten, mergi ingkang badhé ngulungaken kula tetiga

---

[c]kasatan: haus (bhs. Ind.).

ing tanganipun raja Moab menika Gusti
Allah."
14 Aturé Nabi Élisa, "Demi asmaning
Allah ingkang gesang, ingkang kula
bektèni, menawi mboten krana Raja
Yosafat, ingkang kula hurmati, kula
mesthi mboten preduli[d] dhateng
panjenengan.
15 Samenika kula aturi ndhatengaken
tukang clempung mriki." Bareng tukang
clempung ngunèkaké clempungé, Nabi
Élisa katedhakan déning Rohé Allah,
16 banjur ngandika mengkéné, "Gusti
Allah dhawuh: ‘Gawéa kalèn sing akèh
ana ing ledhokan kéné.
17 Senajan ora ana udan ora ana
angin, nanging ledhokan kéné bakal
kebak banyu, nuli kowé, balamu lan
kéwan-kéwan bakal bisa ngombé nganti
wareg.’"
18 Nabi Élisa matur menèh, "Menika
sedaya prekawis sepélé kagem Gusti
Allah. Gusti Allah malah badhé
ngulungaken ugi tiyang-tiyang Moab
dhateng panjenengan.
19 Sedaya kithanipun ingkang éndah
sarta kaubengan ing bètèng bandhé

---

[d]preduli: memperhatikan (bhs. Ind.).

panjenengan gempur. Sakathahing
wit-witanipun badhé panjenengan
tegor, sedaya etuk badhé panjenengan
pepeti lan sedaya pasitènipun ingkang
loh badhé panjenengan risak srana
kasebaran séla."
20 Ésuké, ing wektuné saos kurban
ésuk, ana banyu mili saka peneré[e] tanah
Édom ngebaki kalèn-kalèn mau.
21 Bareng wong-wong Moab krungu yèn
raja telu mau padha nglurugi perang,
wong kabèh gedhé cilik, tuwa enom sing
bisa migunakaké gegaman, dikerigaké
lan dipapanaké ing tapel wates.
22 Ésuké, bareng wong Moab tangi
turu, srengéngéné nyoroti banyu ing
kalèn-kalèn nganti katoné abang kaya
getih.
23 Kandhané wong-wong mau, "Kaé
mesthi getih! Tentarané raja telu,
mungsuh kita, kuwi mesthi padha
bentrok dhéwé lan patèn-patènan! Ayo
padha ngrampog kémah-kémahé!"
24 Nanging bareng wong Moab teka ing
papan kono banjur diserang bala Israèl.
Bala Moab mundur, nanging terus dioyak
lan sing kecekel dipatèni;

---

[e]peneré: jurusan (bhs. Ind.).

25 kutha-kuthané digempur. Saben
sawah lan pategalan sing diliwati wong
Israèl diuncali watu, nganti sawah lan
pategalan mau kebak watu kabèh. Wong
Israèl iya mepeti sakèhé etuk lan negori
sakèhé wit sing metokaké woh-wohan.
Mulané mung kari kutha Kir-Harèsèt,
kutha krajané Moab, sing isih ngadeg.
Kutha mau banjur dikepung lan dikrutugi
watu déning bala sing nggawa bandhil.
26 Bareng ngrumangsani yèn ora
keconggah[f] nglawan perang, raja Moab
banjur maju karo prejurit pilihan pitung
atus, sing ahli perang nganggo pedhang,
arep mbobol nerjang barisané tentara
Édom, nanging ora bisa.
27 Mulané raja Moab mau banjur
njupuk putrané mbarep, putra mahkota,
digawé kurban ing dhuwur bètènging
kutha, kanggo déwané wong Moab. Bala
Israèl gila banget weruh kaanan mau,
mula padha mundur saka kono, mulih
menyang tanahé dhéwé.

4 1 Ing sawijining dina ana randhané
nabi sowan marang Nabi Élisa,
aturé: "Bapak, sémah kula sampun
pejah! Bapak pirsa, bilih piyambakipun

---

[f]ora keconggah: tidak mampu (bhs. Ind.).

menika tiyang mursid, nanging gadhah
sambutan dhateng tiyang. Samenika
tiyangipun dhateng, badhé mendhet
anak kula kalih-kalihipun kadadosaken
réncang tumbasan, kanggé nglunasi
sambutanipun sémah kula."
2 Pangandikané Nabi Élisa, "Enggonku
nulungi kowé carané kepriyé? Ana
ing omahmu kowé duwé apa?" Aturé
wong wadon mau, "Mboten gadhah
menapa-menapa, kejawi lisah zaitun
sebotol alit."
3 Pangandikané Nabi Élisa, "Nyiliha saka
tangga-tanggamu botol kothong sing
akèh banget.
4 Kowé lan anak-anakmu banjur mlebua
ing omah, lawangé kancingen. Lenga
ing botolmu mau banjur esoken ing
botol-botol kothong; sing wis kebak
dhèwèkna."
5 Wong wadon mau banjur mulih.
Satekané ngomah anak-anaké dikon
mlebu lan lawangé dikancing. Botol cilik
sing isi lenga zaitun mau banjur dijupuk,
lengané diiling ing botol-botol kothong
sing dicepakaké déning anak-anaké.
6 Sawisé botol-botol mau kebak kabèh,
wong wadon mau njaluk botol menèh.

Nanging anaké mangsuli, "Sampun
telas." Lengané ing botol cilik mau iya
banjur mampet.
7 Randha mau nemoni Nabi Élisa
menèh. Pangandikané Nabi Élisa, "Lenga
kuwi dolen kanggo nyaur utang-utangmu
kabèh; déné turahané cukup kokenggo
urip karo anak-anakmu."
8 Ing kutha Sunèm ana wong wadon
sugih. Ing sawijining dina nalika Nabi
Élisa tindak mrana, diaturi dhahar
ing omahé wong wadon sugih mau.
Sebanjuré, saben tindak menyang
Sunèm, Nabi Élisa mesthi pinarak lan
dhahar ing omahé wong wadon mau.
9 Wong wadon kuwi kandha karo sing
lanang, "Kula yakin, yèn tiyang sing
damelé mampir mriki nika abdiné Allah.[g]
10 Saéné gawé kamar cilik ing payon,
di sukani dipan, méja, kursi lan lampu;
kajengé piyambaké samasa mampir
mriki saged sipeng."
11 Ing sawijining dina Nabi Élisa rawuh
ing Sunèm. Sawisé minggah ing kamaré
arep ngaso,
12 banjur utusan Géhazi, abdiné,
didhawuhi nimbali wong wadon, sing

---

[g]abdiné Allah: tegesipun ‘Nabi’.

duwé omah. Sawisé wong wadon mau
teka,
13 Nabi Élisa ndhawuhi Géhazi nakoni
wong mau, "Takonana kepriyé carané
enggonku males marang kabecikan
lan kangèlané wong mau. Apa ana
prekara-prekara sing prelu diaturaké ing
ngarsané Sang Prabu utawa panglima
angkatan perang." Atur wangsulané
wong wadon mau, "Kula manggèn
ing satengahing sedhèrèk-sedhèrèk
kula piyambak lan mboten kekirangan
menapa-menapa."
14 Nabi Élisa banjur takon marang
Géhazi, "Yèn mengkono kepriyé bisaku
males kabecikané?" Atur wangsulané
Géhazi, "Tiyang èstri menika mboten
gadhah anak Pak, mangka sémahipun
sampun sepuh."
15 Pangandikané Nabi Élisa, "Wong
wadon kuwi konen mréné." Sawisé
wongé teka lan ngadeg ing ngarep
lawang,
16 Nabi Élisa ngandika mengkéné, "Taun
ngarep, mangsa kaya iki, kowé wis bakal
nggéndhong bayi lanang." Aturé wong
wadon mau, "Pak, sampun gegujengan.
Bapak rak abdinipun Allah!"

17 Nanging apa sing dingandikakaké
Nabi Élisa mau nyata. Taun candhaké,
kira-kira padha karo wektuné nalika Nabi
Élisa rawuh mrono, wong wadon mau
duwé anak lanang.
18 Bareng wis rada gedhé, nalika pinuju
mangsa panèn, bocah mau ing sawijining
dina nusul bapakné, sing lagi nunggoni
wong-wong sing ngenèni gandumé.
19 Dumadakan bocah mau celuk-celuk
sambat marang bapakné, "Pak, sirah
kula sakit!" Pangucapé bapakné marang
réwangé, "Bocah kuwi gawanen mulih
menyang enggoné ibuné."
20 Bocah mau nuli digawa mulih,
nanging soréné banjur mati.
21 Bocahé nuli dibopong ibuné menyang
kamaré Nabi Élisa, ing lotèng lan
diturokaké ing dipan. Lawangé kamar
ditutup menèh,
22 banjur kongkonan wong ngabari sing
lanang, "Mbok kula sampéyan kintuni
réncang jaler setunggal kaliyan kuldi
setunggal. Kula badhé énggal-énggal
sowan dhateng Nabi Élisa, lajeng badhé
énggal wangsul."
23 Sing lanang takon, "Yagéné kesusu
lunga. Iki rak dudu dina Sabbat lan dudu

dina Riaya Sasi Anyar."[h] Wangsulané
sing wadon, "Mboten dados menapa."
24 Sawisé lapaké kuldi dipasang, wong
wadon mau kandha karo réwangé:
"Kuldiné pecuten supaya mlayu
sakatogé. Aja mandheg-mandheg yèn
durung dakkon."
25 Wong wadon mau banjur nyéngklak
kuldiné lunga menyang Gunung Karmèl,
dalemé Nabi Élisa. Saka kadohan
Nabi Élisa wis pirsa wong wadon mau
teka. Pangandikané marang Géhazi,
"Delengen, kaé wong wadon Sunèm
mréné!
26 Énggal pethuken, takonana kepriyé
kabaré bojo lan anaké." "Wong wadon
mau kandha karo Géhazi yèn kabèh
padha slamet."
27 Nanging bareng tekan ngarsané
Nabi Élisa banjur jèngkèng ngrangkul
sampéyané. Géhazi arep nyingkiraké
wong wadon mau, nanging dipenging
karo Élisa, "Nengna waé! Wong kuwi lagi

---

[h]Riaya Sasi Anyar: Dinten libur kados dinten Sabbat (Am 8:5). Dinten kados mekaten limrahipun déning para tiyang èstri dipun ginakaken sowan dhateng salah setunggalipun nabi, kanggé nyuwun pirsa bab pengandikanipun Gusti Allah.

susah banget. Nanging Pangéran kokora
ngandika apa-apa karo aku!"
28 Aturé wong wadon mau, "Pak, kula
rak mboten nyuwun anak dhateng
panjenengan. Lan kula sampun matur
supados Bapak mboten paring janji
ingkang mboten-mboten dhateng kula."
29 Nabi Élisa banjur ngandika marang
Géhazi, "Énggal, jupukna tekenku lan
lungaa menyang omahé wong wadon
iki. Aja mandheg nyalami wong ana ing
dalan. Yèn ana wong awèh salam aja
kokwangsuli. Satekamu ing omah kana,
teken kuwi tèmpèlna ing rainé bocahé."
30 Aturé wong wadon mau, "Atas
asmanipun Allah ingkang gesang lan
demi gesang panjenengan, kula mboten
badhé nilar Bapak!" Sawisé mengkono
Nabi Élisa banjur budhal karo wong
wadon mau menyang Sunèm.
31 Géhazi wis mangkat dhisik, lan
nyèlèhaké tekené Élisa ing awaké bocah
mau, nanging ora ana tandha-tandha
yèn bocahé urip menèh. Mulané Géhazi
banjur matur marang Nabi Élisa,
"Larénipun dèrèng tangi."

32 Satekané omah kono Nabi Élisa
mlebu dhèwèkan ing kamaré lan weruh
jisimé bocah mau sumèlèh ing peturon.
33 Sawisé lawangé ditutup Élisa banjur
ndedonga marang Pangéran.
34 Bocahé dirungkebi; tutuk, peningal
lan astané ditèmpèlaké ing cangkem,
mripat lan tangané bocahé. Sajroné Élisa
isih mengkureb mau, badané bocahé
dadi anget.
35 Élisa banjur jumeneng lan tindak-
tindak ing kamar kono, nuli ngrungkebi
bocahé menèh. Bocah mau banjur
wahing ping pitu lan melèk.
36 Nabi Élisa banjur nimbali ibuné
bocah. Bareng wong wadon mau mlebu,
Nabi Élisa masrahaké bocahé marang
ibuné, pangandikané, "Iki anakmu."
37 Ibu mau banjur jèngkèng ing
ngarsané Nabi Élisa, anaké dibopong,
digawa metu.
38 Nalika Nabi Élisa kondur menèh
ing Gilgal, satanah Israèl kabèh lagi
ketrejang paceklik gedhé. Satengahé
memulang para nabi, Élisa utusan abdiné
njupuk kwali gedhé lan masak kanggo
wong kabèh sing ana ing kono.

39 Ana nabi sawetara sing metu golèk
janganan. Wong mau weruh bangsané
labu alas, banjur methik wohé akèh
banget, digawa mulih. Tanpa ngerti kuwi
woh apa, woh mau ditengkel-tengkel,
banjur dicemplungaké ing kwali.
40 Bareng wis mateng banjur diladèkaké
marang wong kabèh. Nanging bareng
dicicipi, para nabi mau padha alok, aturé
marang Nabi Élisa, "Pak, janganipun
wonten racunipun." Wong-wong mau
padha ora gelem nerusaké enggoné
mangan.
41 Nabi Élisa banjur utusan njupuk
glepung sethithik, nuli dicemplungaké
ing kwaliné. Sawisé mengkono jangané
dikon ngladèkaké menèh. Lan ketitik
jangan mau wis ora mbebayani.
42 Nalika semono ana wong lanang teka
saka Baalsalisa, nggawa roti jewawut
rong puluh iji kanggo Nabi Élisa. Yakuwi
asilé panèn kawitan ing taun kuwi,
semono uga gandumé kawitan. Nabi
Élisa ndhawuhi abdiné ngedum roti-roti
mau marang para nabi sing ana ing
kono,
43 nanging abdiné matur, "Rotinipun rak
mboten cekap kanggé tiyang satus?"

Wangsulané Nabi Élisa, "Dumen waé,
supaya padha dipangan, merga Gusti
Allah wis ngandika yèn kabèh bakal
padha mangan nganti wareg, malah
bakal turah."
44 Rotiné banjur diedum. Kabèh nuli
padha mangan, lan sawisé kabèh
mangan, isih turah, cocog karo
pangandikané Allah.
5 1 Naaman, sénapatiné tentara Siria,
dikasihi banget déning Sang Prabu,
merga Gusti Allah paring kemenangan
marang tentara Siria lantaran Naaman
mau. Nanging Naaman kuwi gerah
kusta.
2 Ing sawijining dina tentara Siria
nyerbu Israèl, banjur nyekel bocah
wadon Israèl didadèkaké tawanan.
Bocah mau dadi réwangé garwané
Naaman.
3 Bocah wadon mau matur karo
bendarané, "Ndara, menawi pak Naaman
kersa sowan dhateng nabi ingkang
dedalem ing Samaria, nabi menika
mesthi saged nyarasaken gerahipun."
4 Bareng krungu mengkono mau,
Naaman banjur sowan Sang Prabu sarta

ngaturaké apa sing dikandhakaké déning
bocah wadon Israèl mau.
5 Pangandikané Sang Prabu, "Ya wis,
sowana raja Israèl, dakgawani layang."
Naaman banjur budhal nggawa dhuwit
slaka telung puluh èwu, dhuwit emas
nem èwu lan sepuluh setèl sandhangan
sing apik banget.
6 Layang sing digawa mau surasané
mengkéné: "Srana serat menika kula
nyowanaken ing ngarsa panjenengan
perwira Naaman, kanthi panyuwun
kersaa panjenengan nyarasaken
sesakitipun."
7 Nalika maos layang mau raja Israèl
banjur nyuwèk agemané karo ngandika,
"Cilaka temen, yagéné raja Siria
ndhawuhi aku marasaké wong iki? Aku
rak dudu Allah kang kwasa gawé urip lan
patiné wong? Raja Siria iki mesthi mung
arep golèk dhadhakan[i] padu."
8 Bareng Nabi Élisa mireng prekara mau,
banjur utusan matur marang Sang Prabu,
"Kénging menapa panjenengan alit ing
penggalih? Tiyangipun kadhawuhana
dhateng panggènan kula, supados
ngertos, bilih ing Israèl wonten nabi!"

---

[i]dhadhakan: jalaran, alasan (bhs. Ind.).

9 Naaman banjur budhal karo jaran lan
krétané. Satekané ing dalemé Nabi Élisa,
Naaman ngadeg ing ngarep lawang.
10 Nabi Élisa banjur ngutus abdiné
matur marang Naaman, "Kula aturi
siram ing Lèpèn Yardèn lan slulup kaping
pitu, mangké panjenengan badhé saras
babar-pisan."
11 Mireng pangandikané nabi mau
Naaman kelara-lara. Pangandikané:
"Dakkira nabi kuwi bakal metu nemoni
aku, banjur sembahyang marang
Pangéran Allahé, sarta numpangaké
tanganė ing awakku sing lara, lan
ngilangaké laranė.
12 Apa Kali Albana lan Kali Parpar ing
Damsyik ora luwih becik ketimbang karo
kali endi waé ing Israèl! Aku rak bisa
adus ing kana lan dadi waras!"
13 Nanging para abdiné Naaman
banjur padha matur, "Pak, saupami
panjenengan dipun dhawuhi nglampahi
prekawis ingkang langkung angèl,
menapa mboten badhé panjenengan
lampahi? Mangka samenika panjenengan
namung kadhawuhan siram, lajeng
badhé saras babar-pisan!"

14 Mulané Naaman banjur menyang
Kali Yardèn, siram ing kono lan slulup
rambah kaping pitu, kaya dhawuhé Nabi
Élisa. Naaman dadi waras temenan.
Sarirané seger kaya wong nom.
15 Naaman karo pengiringé banjur
tindak menyang dalemé Nabi Élisa,
aturé, "Samenika kula mangertos, bilih
ing saalam-donya menika namung
wonten Allah setunggal, inggih menika
Allah ingkang dipun sembah tiyang
Israèl. Pramila Bapak kersaa nampi
pisungsung kula menika."
16 Wangsulané Nabi Élisa, "Atas asmané
Allah ingkang gesang, ingkang kula
ladosi, kula mboten badhé nampèni
pisungsung menapa kémawon." Senajan
Naaman meksa-meksa, éwasemono
Nabi Élisa tetep ora kersa nampèni
pisungsungé.
17 Naaman banjur matur, "Sarèhné
Bapak mboten kersa nampi pisungsung
kula, keparenga kula nyuwun siti
samomotanipun bilha serakit. Mergi
wiwit samenika kula namung badhé
saos kurban dhateng Allah kémawon lan
mboten dhateng brahala.

18 Mugi Allah kersa ngapunten menawi
kula ngamping-ampingi Sang Prabu,
samasa panjenenganipun sembahyang
ing candhinipun Rimon, déwanipun
tiyang Siria."
19 Pangandikané Nabi Élisa, "Kula aturi
kondur kanthi wilujeng." Naaman banjur
mulih. Ora let suwé sawisé Naaman
mundur saka kono,
20 Géhazi, abdiné Nabi Élisa mikir, "Lho,
yagéné wong kuwi ora dikon mbayar?
Bendaraku kuduné kersa nampani
pisungsungé wong Siria kuwi! Demi Allah
kang gesang, aku kudu olèh opah saka
wong kuwi!"
21 Géhazi banjur nusul Naaman. Bareng
Naaman pirsa ana wong nusul, banjur
énggal-énggal mudhun saka krétané lan
ndangu, "Ana apa?"
22 Wangsulané Géhazi, "Nyuwun
ngapunten Pak. Kula dipun utus matur
dhateng panjenengan, bilih nembé
kémawon wonten nabi kalih dhateng
saking paredèn Éfraim. Bapak kula
aturi maringi arta slaka tigang èwu lan
sandhangan saé kalih setèl kanggé nabi
kalih menika."

23 Wangsulané Naaman, "Iya becik," malah dhawuh supaya Géhazi gelem nggawa dhuwit slaka nem èwu. Naaman madhahi dhuwité ana ing kanthong, lan masrahaké sandhangan sing becik rong setèl. Kabèh mau didhawuhi nggawa abdiné loro, sing ndhisiki lakuné Géhazi.
24 Satekané ing gunung dalemé Nabi Élisa, dhuwit lan sandhangan mau nuli disimpen ing njero omah. Para abdiné Naaman dikon mulih.
25 Bareng mlebu ing omah, Géhazi didangu Nabi Élisa, "Kowé saka endi?" Aturé Géhazi, "Mboten saking pundi-pundi!"
26 Nanging Nabi Élisa ngandika, "Batinku ngetutaké lakumu lan weruh nalika Naaman mudhun saka krétané methukaké kowé. Iki rak dudu mangsané wong nampa dhuwit kanggo tuku kebon zaitun, kebon anggur, wedhus lan sapi!
27 Sarèhné kowé nampani pawèwèhé Naaman, kowé iya bakal nampani lelarané. Malah anak-turunmu selawas-lawasé bakal nandhang lelara mau!" Bareng metu saka panggonan kono Géhazi kena lara kusta, kulité malih dadi putih.

6 1 Ing sawijining dina nabi-nabi sing
padha manggon ing pondhokan
matur karo Nabi Élisa, aturé, "Pak,
panggènan kula rupek sanget!
2 Keparenga kula késah negor
kajeng ing sacelakipun Lèpèn Yardèn,
lan ngedegaken griya ing ngrika."
Wangsulané Nabi Élisa, "Iya, becik."
3 Nuli ana sing matur lan nyuwun
supaya Nabi Élisa uga tindak mrana.
Nabi Élisa iya kersa.
4 Wong-wong mau banjur padha budhal
bebarengan. Bareng wis tekan ing
pinggiring Kali Yardèn, banjur padha
wiwit negori.
5 Dumadakan ana nabi sing wadungé
kacemplung ing banyu. Nabi mau
sambat karo Nabi Élisa, "Adhuh Pak,
wadung kula kacemplung, mangka
menika enggèn kula nyambut!"
6 Nabi Élisa ndangu, "Kecemplungé ana
ing endi?" Wong mau banjur nuduhaké
panggonané. Nabi Élisa banjur ngethok
kayu, diuncalaké mrono. Wadungé
banjur kemambang.
7 Pangandikané Nabi Élisa, "Jupuken!"
Wongé banjur ngathungaké tangané,
wadungé dicandhak.

8 Ing sawijining wektu tentara Siria
nyerang bangsa Israèl. Sawisé rembugan
karo perwirané, raja Siria banjur milih
papan kanggo ngadhang raja Israèl.
9 Nanging Nabi Élisa ngaturi pirsa
marang raja Israèl supaya aja mrono,
merga wong Siria ana ing kono.
10 Raja Israèl iya banjur ndhawuhi
wong-wong sing padha manggon ana
ing sacedhaké panggonan mau, supaya
padha siaga. Kedadéan mengkono mau
ora mung pisan pindho.
11 Raja Siria jèngkèl banget, mulané
banjur nglumpukaké para perwirané lan
ndangu: "Ing antaramu mesthi ana sing
sekuthon karo Israèl. Sapa wongé? Ayo
ngakua!"
12 Ana perwira sing matur, "Mboten
mekaten, Gusti. Nanging Nabi Élisa, nabi
ing Israèl, menika ingkang martosaken
dhateng raja Israèl, menapa ingkang
panjenengan ngandikakaken, senajan
enggèn panjenengan ngandikakaken
wonten ing kamar saré pisan."
13 Dhawuhé Sang Prabu, "Golèkana
wongé, supaya kena dakcekel." Ana
wong sing matur yèn Nabi Élisa ana ing
Dotan.

14 Sang Prabu banjur ngutus pasukan jaranan lan kréta perang akèh menyang Dotan. Tekané ing wayah bengi; kuthané banjur dikepung.
15 Ésuke’, abdiné Nabi Élisa tangi turu, arep metu, weruh tentara jaranan lan kréta perang Siria ngepung kutha. Abdi mau énggal-énggal bali, matur marang Nabi Élisa, "Adhuh ndara, kita cilaka! Lajeng kadospundi kita menika?"
16 Pangandikané Nabi Élisa, "Aja kuwatir, sing njaga kita luwih akèh ketimbang karo dhèwèké."
17 Sawisé mengkono Nabi Élisa banjur ndedonga, "Dhuh Pangéran, mugi kersa mbikak mripatipun réncang kawula, supados ningalana!" Gusti Allah miyarsakaké pandongané Nabi Élisa, mula abdi mau weruh yèn gunung sing didalemi Nabi Élisa mau kebak jaran lan kréta murub.
18 Lan nalika wong-wong Siria nyerang, Nabi Élisa ndedonga, "Dhuh Pangéran, tiyang-tiyang menika kadamela wuta!" Gusti Allah njurungi panyuwuné Nabi Élisa, mulané wong Siria kabèh dadi wuta.

19 Nabi Élisa banjur marani wong-wong
mau, pangandikané, "Sampéyan kesasar.
Sanès menika kitha ingkang sampéyan
padosi. Mangga, manut kula kémawon,
mangké kula tedahaken tiyang-tiyang
ingkang sampéyan padosi." Wong-wong
mau banjur dituntun menyang kutha
Samaria.
20 Bareng wis mlebu ing kutha Samaria,
Nabi Élisa banjur ndedonga menèh,
"Dhuh Gusti, mugi kersa mbikak
mripatipun tiyang-tiyang menika malih."
Gusti Allah njurungi panyuwuné Nabi
Élisa, mripaté wong-wong mau padha
kabukak, mula padha ngerti yèn ana ing
kutha Samaria.
21 Bareng weruh wong-wong Siria mau,
raja Israèl ndangu marang Nabi Élisa,
"Pak, menapa tiyang-tiyang menika
prelu kula pejahi?"
22 Wangsulané Nabi Élisa, "Sampun,
prejurité mengsah ingkang kecepeng ing
salebeting perang rak inggih mboten
panjenengan pejahi, ta? Semanten ugi
tiyang-tiyang menika. Kula aturi maringi
nedha lan ngombé, lajeng kajengipun
sami wangsul dhateng rajanipun."

23 Raja Israèl banjur nganakaké pésta
gedhèn kanggo para prejurit Siria mau,
sawisé mengkono banjur diculaké menèh
lan padha mbalèni rajané. Wiwit nalika
semana ora ana grombolan Siria mlebu
ing tanah Israèl menèh.
24 Sawisé mengkono Bènhadad raja
Siria nglumpukaké tentarané kabèh
nyerang bangsa Israèl. Kutha Samaria
dikepung,
25 nganti wong-wong ing kutha kono
padha kaliren, merga ora ana sing
dipangan. Endhas kuldi regané wolung
puluh slaka lan telèk dara rong on
regané limang pérak.
26 Ing sawijining dina nalika Sang Prabu
lagi tindak-tindak ana ing bètènging
kutha, ana wong wadon sambat-sambat,
"Dhuh Sang Prabu, nyuwun tulung!"
27 Pendanguné Sang Prabu, "Yèn Gusti
Allah ora mitulungi kowé, apa aku bisa?
Aku ora duwé gandum lan ora duwé
anggur!
28 Ana apa ta?" Aturé wong wadon
mau, "Kanca kula menika criyos, menawi
dinten menika kula nyukakaken anak
kula prelu dipun tedha tiyang kalih,

énjingipun piyambakipun badhé gentos
nyukakaken anakipun.
29 Mila anak kula lajeng sami kula
masak lan kula tedha sesarengan.
Nanging énjingipun, sareng kula gentos
badhé mendhet anakipun badhé kula
masak, lajeng dipun umpetaken!"
30 Mireng aturé wong mau Sang Prabu
banjur nyuwèk agemané merga sedhih
banget. Wong-wong sing padha ngadeg
ing témbok kono padha weruh yèn Sang
Prabu ngagem rangkepan bagor, tandha
yèn lagi nandhang prihatin.
31 Sang Prabu banjur ngandika, "Cekaké
Élisa kudu mati. Karebèn aku diukum
déning Allah, yèn ing dina iki aku ora
matèni Élisa!"
32 Sang Prabu banjur utusan wong
ndhisiki tindaké menyang dalemé
Nabi Élisa. Nalika semono Nabi Élisa
lagi lenggahan karo para pemimpin
masarakat sing padha mertamu ing
dalemé. Sadurungé utusané Sang Prabu
teka, Nabi Élisa ngandika karo para
tamuné mau, "Delengen, tukang matèni
wong kuwi kongkonan wong matèni aku.
Yèn sing dikongkon kuwi mengko teka,

aja olèh mlebu. Ora suwé menèh Sang
Prabu dhéwé bakal nusul mréné."
33 Nabi Élisa durung rampung enggoné
ngandika, Sang Prabu wis jumedhul karo
ngandika, "Kasangsaran iki ora liya Allah
sing nekakaké! Mulané tanpa guna aku
ngarep-arep pitulungané."

7 1 Aturé Nabi Élisa, "Kula aturi
mirengaken pangandikanipun Allah!
Mbénjing-énjing wetawis wanci mekaten,
tiyang badhé saged tumbas gandum
ingkang saé piyambak tigang kilogram
utawi jewawut nem kilogram namung
regi sepérak."
2 Ajudané Sang Prabu sumela matur,
"Mokal, senajan samenika ugi Allah
mbikak konten-kontening langit."
Pangandikané Nabi Élisa, "Kowé bakal
ndeleng nganggo mripatmu kelakoné
prekara sing dakkandhakaké mau,
nanging kowé dhéwé bakal ora mèlu
mangan."
3 Ing dina kuwi ana wong lara kusta
papat padha ana ing sanjabané gapura[j]
kutha Samaria. Wong-wong mau padha
kandha mengkéné, "Yagéné kita padha

---

[j]gapura: pintu gerbang (bhs. Ind.).

thenguk-thenguk ana ing kéné ngentèni
mati?
4 Yèn kita mlebu kutha, kita bakal mati
kaliren; lan yèn kita mung lungguh waé
ing kéné, kita iya bakal mati. Beciké kita
padha lunga menyang kémah-kémahé
wong Siria. Cilaka-cilakané kita rak
mung dipatèni. Nanging bisa uga kita
ora dikapak-kapakaké."
5 Mulané bareng wiwit surup wong-wong
mau mangkat menyang kémah-kémahé
wong Siria. Nanging bareng tekan kana,
panggonan mau suwung blung.
6 Merga Gusti Allah wis maringi tandha,
kaya-kaya ana tentara jaranan lan kréta
perang akèh nekani panggonan kono.
Wong-wong Siria ngira yèn swarané
tentara mungsuh sing diséwa déning
raja Israèl, yakuwi tentarané raja Hèt
lan raja Mesir, sing saiki teka nyerang.
7 Mulané bengi kuwi uga wong-wong
Siria padha ngungsi golèk slamet.
Kémahé ditinggal prung, semono uga
jaran lan kuldiné ditinggal mengkono
waé ing panggonan kono.
8 Bareng tekan papan mau, wong kusta
papat mau banjur mlebu ing kémah
sing pinggir dhéwé. Ana ing kono padha

mangan lan ngombé, sarta njupuki
emas, slaka sarta sandhangan, padha
digawa lunga lan didhelikaké. Sawisé
mengkono banjur padha bali menèh
mlebu ing kémah liyané lan ngrayah
menèh.
9 Sing siji kandha karo kanca-kancané,
"Tumindak kita iki ora bener. Prekara iki
mesthiné kita lapuraké! Yèn ngentèni
sésuk, kita kesalahan lan mesthi bakal
diukum. Mulané ayo saiki kita padha
lapur marang perwiraning kraton."
10 Wong-wong mau banjur padha
bali menyang Samaria lan kandha
karo pasukan sing jaga gapura, "Kula
ndhatengi kémah-kémahipun tiyang
Siria, nanging sami suwung. Kapal lan
kuldinipun taksih sami kacancang ing
panggènanipun piyambak-piyambak;
kémah-kémah namung katilar prung."
11 Kabar mau banjur diterusaké déning
para pengawal, nganti kepireng déning
Sang Prabu.
12 Nalika semono isih peteng. Sang
Prabu miyos saka kamar saré lan
ngandika marang para abdiné, "Aku
ngerti, kuwi rak mung siasaté wong
Siria! Mesthi padha ngerti yèn kita lagi

kekurangan pangan, mulané padha
éthok-éthok metu saka kémah-kémahé
sarta ndhelik ana ing alas, kanggo
mancing supaya kita metu saka kutha,
njupuki pangan sing ana ing kémah-
kémahé. Sawisé mengkono, wong-wong
mau bakal bali nyerang awaké dhéwé,
lan ngrebut kutha kita iki."
13 Ana abdi sing matur, "Gusti, nasib
kita ingkang wonten ing salebeting kitha
rak sami kémawon kaliyan ingkang
sampun sami pejah. Mila prayogi menawi
Sang Prabu utusan tiyang sawetawis
nyatakaken kawontenan menika.
Kajengipun sami numpak kapal gangsal,
ingkang taksih wonten menika."
14 Banjur padha milih wong sawetara.
Sang Prabu ngutus wong-wong mau
nunggang kréta perang, didhawuhi
nitipriksa kaanané tentara Siria.
15 Para utusan mau enggoné ndlajahi
wilayah kono nganti tekan Kali Yardèn.
Sedalan-dalan padha weruh sandhangan
lan bekakas-bekakas pating blasah.
Barang-barang mau mung dibuwang
ngono waé déning wong-wong Siria
sajroné mlayu golèk slamet. Utusan-

utusan mau lapur marang Sang
Prabu.
16 Wong-wong ing Samaria banjur
padha metu sarta ngrampasi kémah-
kémahé wong Siria. Sing dingandikakaké
déning abdining Allah kedadéan
temenan, yakuwi yèn regané gandum
sing becik dhéwé telung kilogram utawa
jewawut nem kilogram mung sepérak.
17 Dhèk semana ajudan pribadiné Sang
Prabu ditugasaké ngawasi gapuraning
kutha. Wong mau mati kepidak-pidak
déning rakyat. Kuwi cocog karo aturé
Nabi Élisa marang Sang Prabu, nalika
panjenengané rawuh ing dalemé Nabi
Élisa.
18 Nabi Élisa wis ngandika, yèn ésuké
kira-kira ing wektu kuwi, gandum sing
becik dhéwé telung kilo utawa jewawut
nem kilo bakal diedol ing Samaria mung
rega sadhuwit slaka.
19 Lan nalika semono ajudan pribadiné
Sang Prabu muni, "Menika mokal,
senajan samenika ugi Gusti Allah
mbikak konten-kontening langit." Banjur
diwangsuli déning Nabi Élisa, "Kowé
mengko bakal ngalami lelakon mau,

nanging sethithik waé bakal ora mèlu
ngrasakaké."
20 Kaya mengkono kedadéané wong
mau; mati kepidak-pidak déning wong
akèh ana ing gapuraning kutha.
8 1 Nalika semono Gusti Allah nekakaké
paceklik ing tanah Israèl lawasé
pitung taun. Nabi Élisa sadurungé wis
ngandhani wong wadon ing Sunèm,
sing anaké diuripaké menèh. Élisa
ndhawuhi wong wadon mau supaya
ngalih menyang negara liya.
2 Wong wadon mau nurut karo dhawuhé
Nabi Élisa, banjur budhal menyang
negara Filistia lan manggon ana ing
kana.
3 Sawisé pitung taun banjur bali
menyang Israèl. Satekané banjur sowan
marang Sang Prabu, nyuwun supaya
omah lan pekarangané dibale�much kaké
menèh marang dhèwèkné.
4 Nalika semana Sang Prabu lagi
ndangu Géhazi, abdiné Élisa, bab
kaélokan-kaélokan sing ditindakaké
déning Nabi Élisa.
5 Géhazi lagi waé nyritakaké bab
Nabi Élisa enggoné nguripaké menèh
bocah sing wis mati, dumadakan wong

wadon saka Sunèm mau teka ngaturaké panyuwuné marang Sang Prabu. Aturé Géhazi marang Sang Prabu, "Gusti, menika tiyangipun èstri lan menika anakipun ingkang dipun gesangaken malih déning Nabi Élisa!"
6 Sang Prabu banjur ndangu wong wadon mau bab anaké. Sawisé mengkono Sang Prabu banjur nimbali punggawané, sarta paring dhawuh, supaya sebarang darbèké wong wadon mau dibalèkaké, semono uga sakèhé pametuné palemahan sajroné ditinggal pitung taun ana ing papan liya.
7 Nalika Nabi Élisa mbeneri ana ing Damsyik, Raja Bènhadad lagi gerah. Bareng mireng yèn Nabi Élisa ana ing Damsyik,
8 Sang Prabu ndhawuhi Hazaèl, abdiné, "Nabi kuwi saosana apa-apa, banjur nyuwuna supaya miterang marang kersané Allah, apa laraku iki bakal mari apa ora."
9 Hazaèl banjur sowan marang Nabi Élisa, nggawa hadiah rupa-rupa pametuné kutha Damsyik, diemotaké ing unta patang puluh. Satekané ing dalemé Nabi Élisa, Hazaèl matur, "Ingkang abdi

Raja Bènhadad ngutus kula, kadhawuhan
nyuwun pirsa menapa gerahipun menika
badhé saras menapa mboten?"
10 Wangsulané Nabi Élisa, "Gusti Allah
sampun paring pretandha dhateng
kula, bilih Bènhadad badhé kapundhut;
nanging matur kémawon, bilih badhé
saras malih."
11 Nabi Élisa banjur mandeng marang
Hazaèl, nganti Hazaèl wedi banget.
Dumadakan Nabi Élisa muwun.
12 Unjuké Hazaèl, "Kénging menapa
panjenengan muwun?" Pangandikané
Nabi Élisa, "Sebab kula mangertos
piawon ingkang badhé panjenengan
lampahi dhateng bangsa Israèl.
Panjenengan badhé mbesmi kitha-
kitha ingkang wonten bètèngipun,
badhé mejahi para nènèman mawi
pedhang. Nekaki bayi-bayi, lan mbedhah
wetengipun tiyang èstri ingkang saweg
ngandhut."
13 Aturé Hazaèl, "Ah, kula menika rak
namung tiyang alit ingkang mboten
gadhah pangwaos. Mokal menawi
kula badhé tumindak mekaten."
Pangandikané Nabi Élisa, "Gusti Allah
paring sumerep dhateng kula, bilih

panjenengan badhé jumeneng raja ing
Siria."
14 Bareng Hazaèl bali ing kraton
didangu déning Bènhadad, "Élisa
ngandika kepriyé?" Aturé Hazaèl,
"Miturut pangandikanipun, Sang Prabu
badhé saras malih."
15 Nanging ésuké Hazaèl njupuk slimut,
dicelupaké ing banyu, dienggo ngrukubi
sirahé Bènhadad nganti Sang Prabu séda
lemes. Hazaèl banjur jumeneng raja ing
Siria, nggentèni Bènhadad.
16 Yehoram, putrané Yosafat jumeneng
raja ing Yéhuda nalika Raja Yoram,
putrané Akhab, jumeneng raja ing Israèl
limang taun lawasé.
17 Yehoram nalika semono yuswa telung
puluh loro taun, lan lawasé jumeneng
raja ing Yérusalèm wolung taun.
18 Yehoram krama karo putrané putri
Akhab, lan kaya kulawargané Akhab
liyané, Yehoram iya nglakoni piala ing
ngarsané Allah, kaya sing dilakoni déning
para raja ing Israèl.
19 Nanging Gusti Allah ora kersa
numpes Yéhuda, merga wis janji marang
Dawud, abdiné, yèn anak-turuné bakal
jumeneng raja.

20 Nalika Yehoram jumeneng raja, Édom mbrontak marang Yéhuda lan madeg dadi negara dhéwé.
21 Mulané Yehoram nglumpukaké krétané perang kabèh arep kanggo nyerang Zair. Ana ing kana Yehoram dikepung déning tentara Édom, nanging Sang Prabu lan para panglimané pasukan kréta ing wayah bengi bisa oncat nrobos barisané mungsuh; déné para prejurité padha buyar, mulih menyang omahé dhéwé-dhéwé.
22 Wiwit wektu kuwi Édom bébas saka pangwasané Yéhuda, dadi negara merdika. Nalika semono kutha Libna iya merdika.
23 Riwayaté Yehoram liyané wis ditulis ing Kitab Sejarahé Raja-raja Yéhuda.
24 Yehoram séda lan disarèkaké ana ing pesaréané raja-raja ing kuthané Dawud. Ahazia, putrané, nuli jumeneng raja, nggentèni ramané.
25 Ahazia, putrané Yehoram, enggoné jumeneng raja nalika Raja Yoram, putrané Akhab, wis jumeneng raja ing Israèl rolas taun.
26 Nalika jumeneng raja, Ahazia yuswané rolikur taun, lan enggoné

jumeneng raja ing Yérusalèm lawasé
setaun. Ibuné asma Atalia, putrané Raja
Akhab, wayahé Omri, raja Israèl.
27 Merga saka enggoné krama mau,
Raja Ahazia klebu kulawargané Raja
Akhab. Ahazia uga gawé dosa ing
ngarsané Allah, ora béda karo sing
dilakoni déning kulawargané Akhab.
28 Raja Ahazia mèlu perang bebarengan
karo Yoram, raja Israèl, nglawan Hazaèl,
raja Siria. Perangé ana ing Ramot,
daérah Giléad. Ana ing peprangan kono
Yoram ketaton.
29 Mulané banjur kondur menyang
kutha Yésreèl, nambakaké tatuné.
Ahazia iya tilik mrana.

9 1 Nalika semono Nabi Élisa nimbali
nabi isih non, didhawuhi mengkéné,
"Cecawisa lan lungaa menyang Ramot
ing Giléad. Gendul isi lenga zaitun iki
gawanen,
2 lan satekamu ing kana, golèkana
wong sing jeneng Yéhu bin Yosafat,
putrané Nimsi. Yéhu ajaken mlebu
kamar dhèwèkan.
3 Lenga iki esokna ing sirahé lan munia,
‘Allah ngandika: Kowé Dakangkat dadi

raja ing Israèl.’ Sawisé mengkono
énggal-énggal lungaa saka kono."
4 Nabi nom mau banjur budhal menyang
Ramot.
5 Yéhu ketemu lagi rembugan karo
para panglimané. Nabi mau matur
karo Yéhu, "Wonten pawartos penting
kagem panjenengan." Wangsulané Yéhu,
"Kanggé sinten?" Pangucapé nabi mau,
"Kagem panjenengan piyambak."
6 Wong loro mau banjur misah saka
wong-wong liyané, mlebu ing kamar.
Nabi nom mau banjur ngesokaké
lenganė zaitun ana ing sirahé Yéhu
karo muni, "Pangéran Allahipun Israèl
ngandika, ‘Aku ngangkat kowé dadi
rajané umat-Ku Israèl.
7 Kowé bakal numpes kulawargané
Akhab bendaramu. Srana mengkono Aku
males marang Izébèl, sing wis matèni
nabi-nabi-Ku lan abdi-abdi-Ku liyané.
8 Kulawargané Akhab lan anak-turuné
kabèh kudu dipatèni; sakèhé wong
lanang, tuwa, nom, bakal Daktumpes
kabèh.
9 Kulawargané bakal Dakgawé kaya
enggon-Ku ngukum kulawargané

Yérobéam bin Nébat lan kulawargané
Baésa bin Ahia, raja-raja ing Israèl.
10 Jisimé Izébèl bakal ora dikubur,
nanging bakal dipangan asu ing daérah
Yésreèl.’" Sawisé ngucap mengkono nabi
mau énggal-énggal lunga.
11 Yéhu banjur bali menèh, kumpul karo
kanca-kancané. Kancané padha takon,
"Ana kabar apa? Kowé dikapakaké karo
wong édan mau?" Wangsulané Yéhu,
"Kowé wis ngerti apa karepé wong kuwi."
12 Pangucapé kanca-kancané, "Ora,
aku ora ngerti. Ayo kandhakna!" Yéhu
mangsuli, "Wong mau ngandhakaké
dhawuhé Gusti Allah kanggo aku, yèn
aku diangkat déning Allah dadi raja ing
Israèl."
13 Sanalika iku uga kanca-kancané
Yéhu padha nyopot jubahé, dijèrèng
ing ngarepé Yéhu, banjur ngunèkaké
slomprèt karo surak-surak, "Yéhu dadi
raja!"
14 Yéhu banjur nganakaké komplotan
nglawan Raja Yoram, sing nalika semono
ana ing Yésreèl, nambakaké tatu-tatuné.
Enggoné ketaton mau nalika perang
ing Ramot karo Hazaèl, raja Siria. Yéhu
ngandika karo kanca-kancané para

panglima, "Yèn kowé setuju aku dadi
raja, jaganen supaya aja ana wong siji
waé sing metu saka Ramot ngabari
wong-wong ing Yésreèl."
15 (9:14)
16 Sawisé mengkono Yéhu banjur nitih
kréta perang, budhal menyang Yésreèl.
Nalika semono Yoram durung mari, lan
Ahazia raja Yéhuda isih ana ing kana,
tilik Raja Yoram.
17 Sing jaga menara ing Yésreèl weruh
Yéhu sakancané teka, banjur kandha,
"Wonten rombongan dhateng mriki."
Dhawuhé Raja Yoram, "Akona prejurit
jaranan marani lan takon, sing teka kuwi
kanca apa mungsuh."
18 Utusan sing mapagaké Yéhu mau
banjur matur marang Yéhu, "Sang Prabu
mundhut pirsa, panjenengan menika
menapa kancanipun?" Dhawuhé Yéhu,
"Kuwi dudu urusanmu! Mèlua aku." Sing
jaga menara lapur, yèn utusané wis
kepethuk karo rombongané, nanging ora
bali.
19 Sang Prabu banjur ngutus utusan
liyané. Utusan mau iya matur marang
Yéhu, kaya aturé utusan sing kapisan.

Dhawuhé Yéhu, "Kuwi dudu urusanmu!
Ayo, mèlua aku waé!"
20 Sing jaga menara uga nglapuraké
yèn utusan sing kapindho wis kepethuk
karo rombongané, nanging ora bali.
Tembungé, "Ingkang mimpin rombongan
menika mesthi Yéhu, tandhanipun
enggènipun nglampahaken kréta perang
édan-édanan."
21 Dhawuhé Raja Yoram, "Krétaku
siapna." Krétané Sang Prabu iya banjur
disiapaké. Yoram lan Ahazia banjur
menthukaké Yéhu, padha nitih krétané
dhéwé-dhéwé. Kepethuké ana ing kebon
anggur tilas duwèké Nabot.
22 Pendanguné Yoram marang Yéhu,
"Apa kowé nggawa kabar becik, Yéhu?"
Aturé Yéhu, "Olèhé becik kepriyé, yèn
selawasé ing kéné isih ana dhukun-
dhukun, lan wong-wong padha nyembah
brahala merga saka pretingkahé Izébèl,
ibumu!"
23 Yoram banjur ngandika marang
Ahazia, "Iki kianat!" Krétané diingeraké,
banjur nggeblas lunga.
24 Nanging Yéhu ngangkat gendhéwané,
Yoram dipanah kena gegeré, tembus

ngenangi jantungé. Yoram ambruk lan
séda ing krétané.
25 Yéhu banjur ngandika marang
Bidkar, ajudané, "Apa kowé isih éling,
nalika kita padha nunggang jaran
ndhèrèkaké Akhab, ramané Yoram,
apa sing dingandikakaké Allah marang
Akhab, ‘Aku ngerti sapa sing dhèk wingi
matèni Nabot lan anak-anaké. Lan
Aku janji, Aku bakal matèni kowé ana
ing kebon iki uga.’" Yéhu mbacutaké
pangandika marang ajudané, "Layoné
Yoram buwangen ana ing keboné Nabot,
supaya kelakona paukumané Allah
marang wong mau."
26 (9:25)
27 Ahazia pirsa lelakon mau, banjur
menyang kutha Bèthagan, dioyak déning
Yéhu. Yéhu ndhawuhi para prejurité,
"Kaé uga patènana sisan!" Ahazia banjur
dikrutugi panah, nganti ketaton ana ing
dalan sing tekan ing Gur, sacedhaké
kutha Yibléam. Nanging bisa lolos, nuli
mlajeng menyang Megido, lan séda ana
ing kana.
28 Layoné dijupuk déning para abdiné,
digawa nganggo kréta menyang

Yérusalèm. Ahazia disarèkaké ana ing
pesaréané para raja, ing kuthané Dawud.
29 Ahazia enggoné jumeneng raja ing
Yéhuda nalika Yoram, putrané Akhab,
wis jumeneng raja ing Israèl sewelas
taun.
30 Yéhu wis rawuh ing Yésreèl menèh.
Bareng Izébèl ngerti banjur dandan;
rambuté ditata lan alisé dicelak, banjur
nginguk saka jendhéla.
31 Nalika Yéhu mlebet ing gapuraning
kedhaton, dibengoki déning Izébèl, "Hé
Zimri, sing matèni bendarané! Kowé
mréné arep apa?"
32 Yéhu banjur minger, ndhangak
mirsani ing jendhéla karo ngandika,
"Sapa sing gelem dadi balaku?" Ana
abdiné kedhaton wong loro telu padha
nginguk saka jendhéla.
33 Dhawuhé Yéhu marang wong-
wong mau, "Wong kuwi jorogna saka
jendhéla!" Izébèl nuli dijorogaké saka
jendhéla, mula tiba ing lemah; getihé
muncrat nyiprati témbok lan jaran
sing ana ing sacedhaké kono. Layoné
Izébèl mau banjur digiles nganggo kréta
perangé Yéhu.

34 Sawisé mengkono Yéhu banjur mlebet ing kedhaton, dhahar. Ora let suwé banjur dhawuh marang abdiné, "Layoné wong wadon keparat kuwi pendhemen. Kuwi rak putra raja."

35 Nanging bareng wong-wong padha arep ngukup layoné, sing ana kari cumplung, balung-balungé lengen lan sikilé.

36 Mireng lapurané wong-wong mau Yéhu ngandika mengkéné, "Saiki kelakon apa sing dingandikakaké déning Allah lantaran Nabi Élia, abdiné, yèn layoné Izébèl bakal dipangan asu ana ing daérah Yésreèl.

37 Layoné bakal kècèr saenggon-enggon kaya kotoran kéwan, nganti ora ana wong sing bisa ngarani apa kuwi Izébèl."

10 1 Raja Akhab kagungan putra kakung pitung puluh ing kutha Samaria. Mulané Yéhu kirim layang marang para waliné putra-putrané Akhab, lan marang para penggedhé sarta para pengarepé masarakat ing kutha kono, surasané mengkéné,

2 "Putra-putrané kakung Akhab kuwi rak kowé sing ngopèni. Kowé padha duwé kréta perang, jaran, gegaman

lan kutha-kutha sing diubengi bètèng.
Satampané layang iki,
3 énggal-énggal padha miliha saka
ing antarané putra-putrané Akhab sing
apik dhéwé, angkaten dadi raja, banjur
peranga lan bélanen!"
4 Para penggedhé ing Samaria mau
padha wedi banget. Pangucapé, "Raja
Yoram lan Raja Ahazia ora keconggah
nglawan marang kowé, apa menèh kita
iki!"
5 Mulané penggedhéné kedhaton,
walikota lan para pengarepé masarakat
sarta para waliné putra-putrané kakung
Akhab banjur padha mangsuli layangé
Yéhu, surasané, "Kula sami pasrah
bongkokan, lan sagah nglampahi sedaya
dhawuh panjenengan. Kula sami mboten
badhé ngangkat sinten kémawon dados
raja. Panjenengan kula aturi nindakaken
menapa ingkang panjenengan anggep
prayogi."
6 Yéhu banjur kirim layang menèh,
surasané, "Yèn kowé padha milih
dadi balaku, lan sumedya nindakaké
préntah-préntahku, para putrané kakung
Akhab kabèh kuwi patènana, lan sésuk-
ésuk, wayahé kaya saiki, sirah-sirahé

padha gawanen mréné." Para putrané
kakung Akhab sing cacahé pitung puluh
kuwi padha mondhok ing omahé para
pengarepé masarakat ing kutha kono lan
dirumati déning wong-wong mau.
7 Sawisé tampa layang saka Yéhu, para
putrané kakung Akhab nuli dipatèni
déning para pengarepé masarakat mau;
sirah-sirahé nuli diwadhahi ing kranjang
lan diaturaké marang Yéhu ing Yésreèl.
8 bareng dilapuraké marang Yéhu,
Yéhu banjur dhawuh supaya sirah-sirah
mau didadèkaké rong tumpuk ana ing
gapuraning kutha lan ditogaké waé
sedina sewengi.
9 Ésuké Yéhu niliki mrono, ngandikané
karo wong-wong sing padha nglumpuk
ing kono, "Aku sing gawé komplotan
nglawan Raja Yoram lan sing matèni
dhèwèké. Kowé padha ora kesalahan.
Nanging saiki kowé ngerti sapa sing
matèni wong iki kabèh.
10 Iki buktiné yèn apa sing didhawuhaké
déning Allah bab anak-putuné Akhab
kelakon kabèh. Allah wis nindakaké apa
sing didhawuhaké lantaran Nabi Élia,
abdiné."

11 Sawisé mengkono Raja Yéhu banjur
matèni sanak seduluré Akhab liyané
sing padha manggon ing Yésreèl, para
pegawéné kabèh, mitra-mitrané lan para
imamé, siji waé ora ana sing kliwatan.
12 Saka Yésreèl kono Yéhu banjur tindak
menyang Samaria. Bareng tindaké tekan
panggonan sing disebut Bètèkèdhaorim,
13 pethukan karo wong sawetara,
yakuwi sedulur-seduluré Raja Ahazia,
raja ing Yérusalèm. Yéhu ndangu,
"Kowé kabèh kuwi sapa?" Unjuké
sing didangu, "Kula sedaya menika
sedhèrèkipun Ahazia. Kula sami badhé
dhateng Yésreèl, tuwi kulawarga lan
putra wayahipun Ratu Izébèl sedaya."
14 Yéhu banjur dhawuh marang para
prejurité, "Wong kuwi cekelen kabèh."
Wong kabèh mau nuli dicekel cacahé ana
patang puluh loro, banjur dipatèni ing
sacedhaké sumur asat. Siji waé ora ana
sing diuripi.
15 Yéhu banjur nerusaké tindaké.
Ana ing dalan Raja Yéhu kepethuk
karo Yonadab bin Rékhab, Raja Yéhu
nuli ngaruharuhi, ngandikané, "Kowé
rak setya karo aku, kaya enggonku
setya karo kowé? Aku réwangana."

Aturé Yonadab, "Inggih, kula setya!" Pangandikané Raja Yéhu, "Yèn mengkono, ayo salaman." Banjur padha salaman lan Raja Yéhu ngréwangi Yonadab munggah ing krétané,
16 karo ngandika, "Mèlua aku lan delengen dhéwé enggonku sregep nyambut-gawé kagem Allah." Wong loro mau banjur nunggang kréta bebarengan menyang Samaria.
17 Satekané ing Samaria Raja Yéhu matèni sanak seduluré Raja Akhab kabèh, siji waé ora ana sing kari. Kuwi kabèh supaya kaleksanan apa sing dingandikakaké déning Allah lantaran Nabi Élia.
18 Raja Yéhu dhawuh nglumpukaké wong Samaria kabèh, banjur dingandikani mengkéné, "Raja Akhab enggoné ngabdi marang Baal kurang giat. Aku luwih giat ketimbang karo Akhab.
19 Mulané nabi-nabiné Baal klumpukna kabèh, lan kabèh wong sing padha nyembah Baal, sarta para imamé kabèh, aja ana siji sing kliwatan. Aku arep saos kurban marang Baal. Sapa sing ora mèlu nyembah Baal dipatèni." Nanging

pangandikané Raja Yéhu mau mung
siasat kanggo matèni sakèhé wong sing
nyembah Baal.
20 Raja Yéhu banjur dhawuh mengkéné,
"Saiki tetepna wektuné, mbésuk kapan
olèhmu arep nyembah Baal kuwi!"
Wong-wong banjur padha netepaké
dinané,
21 lan Raja Yéhu ngumumaké dina
mau ing satanah Israèl kabèh. Ing dina
kuwi wong sing nyembah Baal padha
teka kabèh, siji waé ora ana sing kari.
Wong-wong mau padha mlebu ana ing
candhiné Baal, nganti panggonan kono
kebak saka ngarep tekan mburi.
22 Raja Yéhu banjur dhawuh marang
para imamé Baal sing ngurusi
sandhangan ibadah, supaya mènèhi
sandhangan marang wong-wong sing
padha mèlu nindakaké ibadah marang
Baal. Sawisé dhawuh mau ditindakaké,
23 Raja Yéhu karo Yonadab bin Rékhab
banjur mlebu ing candhiné Baal sarta
ngandika mengkéné, "Padha tlitinen sing
temenan apa sing ana ing kéné nyata
umaté Baal kabèh? Aja nganti ana wong
sing nyembah marang Allah mèlu ana
ing kéné."

24 Raja Yéhu lan Yonadab banjur
gawé kurban. Nanging ing sajabaning
gedhong wis dicawisaké prejurit lan
perwira wolung puluh, sing didhawuhi
mengkéné, "Wong kabèh kuwi kudu
kokpatèni. Yèn nganti ana sing oncat,
kowé dhéwé sing bakal dipatèni."
25 Sawisé gawé kurban Raja Yéhu
banjur metu lan dhawuh marang para
prejurit lan perwira, "Mlebua, wong
kabèh kuwi patènana. Aja ana siji waé
sing oncat!" Para prejurit lan perwira
mau banjur padha mlebu nggawa
pedhang ligan.[k] Wong kabèh sing ana
ing kono padha dipatèni. Layon-layoné
disèrèd metu. Sawisé mengkono banjur
padha mlebu ing ruanganè candhi sing
njero.
26 Recané Baal digawa metu, banjur
diobong.
27 Reca mau diremuk, bareng karo
omahé. Panggonan kono digawé
pekiwan,[l] nganti sepréné.
28 Mengkono Raja Yéhu enggoné
numpes Baal saka ing tengahé wong
Israèl.

---

[k]pedhang ligan: pedang terhunus (bhs. Ind.).
[l]pekiwan: kakus (bhs. Ind.).

29 Mulané Gusti Allah ngandika marang
Raja Yéhu, "Sarèhné kowé wis nglakoni
kabèh sing Dakdhawuhaké marang kowé
bab anak-turuné Akhab, mulané Aku
janji yèn anak putumu nganti turun
sing ping pat bakal dadi raja ing Israèl."
Nanging Yéhu ora netepi dhawuhé
Pangéran, Allahé Israèl klawan éklasing
penggalihé. Raja Yéhu kuwi kaya Raja
Yérobéam, sing njalari wong Israèl
padha gawé dosa, nyembah pedhèt
emas, sing didegaké ana ing Bètèl lan
ing Dhan.
30 (10:29)
31 (10:29)
32 Nalika semono daérahé Israèl
diciyutaké déning Pangéran. Hazaèl, raja
Siria, ngrebut daérahé Isarèl kabèh,
33 yakuwi saka sawétané Kali Yardèn
mengidul tekan kutha Aroèr, sacedhaké
Kali Arnon, klebu uga daérah Giléad ing
Basan, panggonané taler Gad, Rubèn lan
Manasyè Wétan kali.
34 Riwayaté Raja Yéhu liya-liyané,
semono uga enggoné dadi pahlawan,
kabèh wis katulis ana ing Kitab Sejarahé
raja-raja Israèl.

35 Raja Yéhu enggoné jumeneng raja
lawasé wolulikur taun. Sawisé séda
banjur disarèkaké ing Samaria. Yoahas,
putrané nggentosi jumeneng raja.
36 (10:35)

11 1 Atalia, ibuné Raja Ahazia, bareng
mireng yèn putrané wis séda,
banjur énggal-énggal dhawuh supaya
brayaté Ahazia disédani kabèh.
2 Yoas, putrané Ahazia mèh waé katut
disédani bareng karo putra-putrané
Ahazia liyané, nanging bisa oncat merga
dislametaké déning Yoséba, ibu ciliké.
Yoséba kuwi putrané Raja Yoram, karo
Ahazia isih sedulur, nunggal rama séjé
ibu. Yoas karo embané didhelikaké ana
ing kamar ing Pedalemané Allah.
3 Yoséba enggoné ngrumati Yoas ana
ing Pedalemané Allah lawasé nem taun,
yakuwi sasuwéné Atalia jumeneng ratu
ing Yéhuda.
4 Ing taun kapituné para perwira
pengawal pribadiné Sang Ratu lan
para pengawal kraton diulemi teka ing
Pedalemané Allah déning Imam Yoyada,
arep diajak rembugan. Ana ing kono para
perwira mau didhawuhi janji nganggo
sumpah mbiyantu rencanané Imam

Yoyada. Sawisé mengkono Yoas, putrané
Raja Ahazia, digawa metu, dikenalaké
karo para perwira mau.
5 Para perwira mau banjur didhawuhi
Imam Yoyada mengkéné, "Sing tugas
jaga ing dina Sabbat, sapratelon jagaa
ing kedhaton;
6 sapratelon jagaa ing gapura Sur, lan
sapratelon liyané jagaa ing gapura,
samburiné pengawal-pengawal liyané.
7 Regu sing ora tugas ing dina Sabbat,
kudu jaga ing Pedalemané Allah karo
ngliga pedhang, njaga Raja Yoas.
Tindaké menyang ngendi waé kudu
dikawal, lan saben wong sing wani
nyedhak-nyedhak kudu dipatèni."
8 (11:7)
9 Para perwira padha nglakoni apa
sing didhawuhaké déning Imam
Yoyada. Para prejurit sing jaga lan sing
rampung tugasé ing dina Sabbat padha
disowanaké Imam Yoyada.
10 Yoyada maringaké tumbak-tumbak
lan tamèngé Raja Dawud, sing disimpen
ing Pedalemané Allah, marang para
perwira mau.
11 Plataran Pedalemané Allah sing
ngarep dijaga déning pengawal

nganggo pedhang ligan kanggo njaga
keslametané Sang Prabu.
12 Sawisé mengkono Yoas digawa
Yoyada metu, diagemi makutha,
lan diaturi ngasta Kitab Torèt. Yoas
banjur ditetepaké jumeneng raja, lan
diumumaké marang rakyat. Rakyat
banjur keplok-keplok lan surak-surak,
"Sugenga Sang Prabu!"
13 Atalia mireng suraké para pengawal
lan rakyat mau. Banjur énggal-énggal
menyang Pedalemané Allah lan pirsa
wong akèh padha nglumpuk ana ing
kono.
14 Iya pirsa raja sing mentas diwisudha,
jumeneng ing sacedhaké cagak, ing
ngarepé lawangé Pedalemané Allah,
kaya adaté raja-raja sing mentas
diwisudha. Yoas dikepung déning para
perwira lan wong-wong sing ngunèkaké
slomprèt. Rakyat padha surak-surak saka
bungahé, dibarengi swarané slomprèt.
Saka nepsuné Atalia nyuwèk agemané
karo alok-alok, "Kianat! Kianat!"
15 Imam Yoyada banjur kandha karo
perwira-perwira, "Wong kuwi gawanen
metu, lan sapa sing arep mbélani
patènana." Imam Yoyada ora ngidini

Atalia disédani ana ing Pedalemané Allah.

16 Mulané Atalia dicekel, digawa menyang kedhaton, lan disédani ana ing Gapura Jaran.

17 Imam Yoyada ngaturi Sang Prabu lan rakyat gawé prejanjian karo Gusti Allah, sing ngantepaké yèn Sang Prabu lan rakyat kuwi umaté Allah. Semono uga Sang Prabu diaturi gawé prejanjian karo rakyat.

18 Sawisé mengkono rakyat banjur nyerbu ngobrak-abrik candhiné Baal; mesbèh lan reca-recané digempur; Matar, imamé Baal, dipatèni ing ngarepé mesbèh mau. Imam Yoyada nugasaké pengawal njaga Pedalemané Allah.

19 Bareng karo para perwira, para pengawal pribadiné Sang Prabu, lan pengawal kedhaton, Raja Yoas diiring déning Yoyada saka Pedalemané Allah menyang kedhaton, kadhèrèkaké déning rakyat kabèh. Raja Yoas mlebet nglangkungi gapura Pengawal, banjur lenggah ing dhamparing keprabon.

20 Rakyat padha seneng banget. Sawisé Atalia disédani negara kono dadi tentrem.

21 Nalika jumeneng raja ing Yéhuda
Yoas yuswané pitung taun.

12

1 Yoas enggoné jumeneng raja
ing Yéhuda kuwi nalika Yéhu wis
jumeneng raja ing Israèl pitung taun.
Suwéné Yoas jumeneng raja ana ing
Yérusalèm patang puluh taun. Ibuné
asma Zibya saka kutha Bèrsyéba.
2 Merga saka panggulawenthahé Imam
Yoyada, Raja Yoas selawasé tansah
nindakaké apa sing ndadèkaké renaning
penggalihé Gusti Allah.
3 Mung émané, panggonan-panggonan
sing dienggo nyembah déwa-déwa ora
digempur, mula rakyat isih tetep gawé
kurban lan ngobong menyan ana ing
kono.
4 Ing sawijining dina Raja Yoas
nimbali para imam, didhawuhi nyimpen
dhuwit olèh-olèhané pisungsung ing
Pedalemané Allah, pisungsung kanggo
kurban, lan pisungsung manasuka.
5 Saben imam kudu tanggung jawab bab
dhuwit sing ditampa saka wong-wong
sing padha dilayani. Dhuwit-dhuwit mau
sedhiyan kanggo ndandani Pedalemané
Allah.

6 Nanging selawasé Yoas dadi raja
telulikur taun, para imam durung tau
ndandani Pedalemané Allah sing rusak.
7 Mulané Sang Prabu banjur nimbali
Imam Yoyada lan imam-imam liyané,
pangandikané, "Kénging menapa
Pedalemanipun Allah kokmboten dipun
dandosi? Wiwit dinten menika para
imam mboten kénging nyimpen arta
ingkang katampi saking rakyat. Sedaya
arta kedah dipun klempakaken kanggé
ndandosi Pedalemanipun Allah."
8 Imam-imam padha nrima ora nyekel
dhuwit pisungsung saka rakyat, lan ora
diwajibaké ndandani Pedalemané Allah.
9 Imam Yoyada mundhut pethi, tutupé
ana bolongané; pethi mau disèlèhaké
ing sacedhaké mesbèh, ing sisih
tengené lawang. Kabèh dhuwit sing
dipisungsungaké ana ing Pedalemané
Allah dilebokaké ing pethi mau déning
imam-imam sing padha tugas ana ing
lawang, sing mlebu ing Pedalemané
Allah.
10 Yèn dhuwité ing pethi mau wis
akèh, pethiné banjur dibukak déning
sèkretarisé Sang Prabu, bebarengan

karo Imam Agung. Dhuwité banjur
diétung lan dibuntel.
11 Banjur dipasrahaké marang para
mandhor sing ngawasi pegawéan
ndandani Pedalemané Allah, lan para
mandhor sing mbayar para tukang kayu,
tukang ngrancang,
12 tukang batu lan tukang ukir. Iya
mandhor-mandhor mau sing kejibah
tuku kayu lan watu, sarta mrenata
tanjané dhuwit sing diwetokaké kanggo
dandan-dandan.
13 Nanging dhuwit pisungsung mau
ora ana sing dienggo gawé mangkok-
mangkokan saka slaka, basi, slomprèt,
bekakas lampu utawa prabot liyané sing
saka emas utawa slaka.
14 Kabèh dienggo mbayar tukang-
tukang lan ditukokaké bahan bangunan
sing dibutuhaké.
15 Mandhor-mandhor mau jujur banget.
Mulané ora tau dikon gawé lapuran bab
tanjané dhuwit.
16 Dhuwit pisungsung "ganti-rugi" lan
dhuwit pisungsung "pangapuraning dosa"
ora dilebokaké ing pethi pisungsung
mau. Dhuwit mau diwènèhaké marang
para imam.

17 Ing wektu kuwi kutha Gad diserang déning Hazaèl, raja Siria, déné Yérusalèm iya arep diserang.
18 Raja Yoas banjur ngirim hadiah marang Raja Hazaèl. Hadiah mau dijupukaké saka pisungsung kagem Allah sing diklumpukaké sadurungé Yoas jumeneng raja, yakuwi wiwit jamané Yosafat, Yoram lan Ahazia jumeneng raja. Uga saka pisungsung sing diklumpukaké sajroné Yoas jumeneng raja, mengkono uga sakèhé emas sing ana ing kas ing Pedalemané Allah lan ing kedhatoné Sang Prabu. Bareng nampa hadiah mau Hazaèl ora sida nyerang kutha Yérusalèm.
19 Kocapa para punggawané kraton Yéhuda padha sekuthon nglawan Raja Yoas. Ing antarané punggawa mau, yakuwi Yozakar, Simeat lan Yozabad bin Somèr, kelakon nyédani Raja Yoas ing Milo, sacedhaké dalan sing medhun menyang Sila. Yoas disarèkaké ing pesaréané raja-raja, ing kuthané Dawud. Amazia, putrané, nggentosi jumeneng raja. Riwayaté Yoas kuwi ditulis ing Kitab Sejarahé Raja-raja Yéhuda.
20 (12:19)

21 (12:19)

13 1 Nalika Yoas, putrané Raja Ahazia
jumeneng raja telulikur taun ana
ing Yéhuda, Yoahas putrané Yéhu wiwit
jumeneng raja ing Israèl, dedalem ing
Samaria; lawasé jumeneng raja pitulas
taun.
2 Kaya Raja Yérobéam, sing biyèn
uga jumeneng raja ing Israèl, Yoahas
nglampahi dosa ing ngarsané Allah
lan njalari wong Israèl iya gawé dosa.
Raja Yoahas ora tau mratobat saka
pendamelé sing ala.
3 Mulané Gusti Allah duka marang
Israèl, mula ditégakaké, lan marambah-
rambah ditelukaké déning Hazaèl, raja
ing Siria lan Bènhadad, putrané.
4 Raja Yoahas ndedonga marang Allah,
lan pandonga mau dipiyarsakaké, merga
Gusti Allah pirsa ambek siyané[m] wong
Siria enggoné nindhes wong Israèl.
5 Raja Siria kuwi wis numpes tentara
Israèl, nganti tentarané Raja Yoahas
kari prejurit jaranan sèket, kréta perang
sepuluh, lan prejurit darat sepuluh èwu.
Sukur déné Gusti Allah wis paring wong
sing ngluwari Israèl saka pangwasané

---

[m] ambek siya: bengis (bhs. Ind.).

wong Siria, nganti bisa padha urip
klawan tentrem kaya sing uwis-uwis.
Éwasemono wong Israèl ora marèni
enggoné gawé dosa sing diwiwiti déning
Raja Yérobéam. Recané Dèwi Asyéra ing
Samaria mung ditogaké waé.
6 (13:5)
7 (13:5)
8 Riwayaté Raja Yoahas lan kaprewirané
kabèh wis ditulis ing Kitab Sejarahé
Raja-raja Israèl.
9 Raja Yoahas séda lan disarèkaké
ing Samaria. Yoas, putrané, nggentosi
jumeneng raja.
10 Nalika Yoas wis jumeneng raja ing
Yéhuda telung puluh pitu taun, Yoas,
putrané Yoahas wiwit jumeneng raja
Israèl lan dedalem ing Samaria, Enggoné
jumeneng raja lawasé nembelas taun.
11 Yoas iya nindakaké piala ing ngarsané
Allah, kaya pialané Raja Yérobéam, sing
njalari wong Israèl padha gawé dosa.
12 Riwayaté Raja Yoas liyané, klebu uga
kekendelané nalika perang karo Amazia,
raja ing Yéhuda, wis katulis ing Kitab
Sejarahé Raja-raja Israèl.
13 Yoas séda lan disarèkaké ing
pesaréané raja-raja Israèl ing Samaria.

Yérobéam II, putrané, nggentosi
jumeneng raja.
14 Ing sawijining dina Nabi Élisa
gerah banget, lan Raja Yoas tuwi
mrono. Bareng pirsa yèn Élisa wis mèh
séda, Raja Yoas muwun, aturé, "O
Bapak! Pengayomanipun Israèl ingkang
sentosa!"
15 Pangandikané Nabi Élisa, "Kula aturi
mundhut gendhéwa lan panah!" Raja
Yoas nuli mundhut gendhéwa lan panah.
16 Sang Prabu diaturi mapan kaya arep
manah. Nabi Élisa banjur numpangaké
astané ana ing astané Sang Prabu.
17 Sang Prabu banjur diaturi mbukak
jendhéla sing ngadepaké tanah Siria.
Pangandikané Nabi Élisa, "Kula aturi
nglepas panahipun." Sang Prabu nglepas
panahé. Pangandikané Nabi Élisa,
"Inggih panjenengan menika panahipun
Allah, ingkang badhé nelukaken tiyang
Siria. Panjenengan badhé perang
nglawan tiyang Siria ing Afèk, lan badhé
unggul."
18 Sang Prabu banjur diaturi Nabi Élisa
mundhut panah-panah liyané. Sawisé
mengkono banjur diaturi nggitikaké
panah-panah mau ana ing lemah. Sang

Prabu iya banjur nggitikaké panah-panah
mau ana ing lemah rambah ping telu.
19 Nabi Élisa duka, karo ngandika,
"Mesthinipun kedah panjenengan
gitikaken kaping gangsal utawi kaping
nem, supados panjenengan saged
numpes bangsa Siria. Nanging samenika
panjenengan namung badhé saged
nelukakaken kaping tiga."
20 Ora let suwé Nabi Élisa banjur
séda sarta disarèkaké. Dhèk semana
grombolan-grombolan Moab nyerang
Israèl setaun sepisan.
21 Ing sawijining dina nalika ana
wong Israèl sawetara lagi ngubur jisim,
dumadakan weruh ana grombolané wong
Moab teka. Jisim mau énggal-énggal
dilebokaké ing pesaréané Nabi Élisa,
banjur ditinggal mlayu. Nanging bareng
nyénggol balung-balungé Nabi Élisa,
sanalika urip menèh, banjur ngadeg.
22 Selawasé Yoas jumeneng raja ing
Israèl, Hazaèl raja ing Siria nindhes
bangsa Israèl.
23 Nanging Gusti Allah ora négakaké
umat kagunganê. Umat mau nganti
sepréné ditresnani lan diberkahi, lan ora
ditégakaké katumpes, mula ditulungi,

merga wis janji karo Abraham, Iskak lan
Yakub.
24 Hazaèl raja ing Siria séda; Bènhadad,
putrané, nggentèni dadi raja.
25 Yoas, raja ing Israèl ngalahaké
Bènhadad rambah ping telu, lan ngrebut
menèh kutha-kutha sing biyèn direbut
déning Bènhadad, nalika Yoahas, ramané
Yoas, jumeneng raja ing Israèl.
14 1 Nalika Yoas, putrané Raja
Yoahas, enggoné jumeneng raja
ing Israèl nyandhak rong tauné, Amazia
putrané Yoas, jumeneng raja ing Yéhuda.
2 Nalika semana yuswané selawé taun,
lan enggoné jumeneng raja ana ing
Yérusalèm lawasé sangalikur taun. Ibuné
asma Yoadan, saka Yérusalèm.
3 Amazia tumindaké gawé renaning
penggalihé Pangéran, nanging ora
kaya Dawud leluhuré, merga ngèmperi
ramané.
4 Papan-papan panyembahé déwa-déwa
ora digempur, mula rakyat nerusaké
enggoné gawé kurban lan ngobong
menyan ing kono.
5 Bareng wis rumangsa kuwat,
Raja Amazia banjur dhawuh matèni

punggawa-punggawa sing biyèn nyédani
ramané.
6 Nanging anak-anaké ora dipatèni,
merga mbangun-turut karo dhawuhé
Pangéran, kasebut ing Kitabé Musa,
sing surasané mengkéné: "Aja matrapi
paukuman marang anak merga saka
kaluputané wong tuwané. Saben wong
dipatrapana paukuman merga saka piala
sing dilakoni dhéwé."
7 Raja Amazia tau perang nglawan
Édom, matèni prejurit sepuluh èwu ing
Lembah Asin, lan ngrebut kutha Séla.
Kutha mau jenengé diganti Yokteèl,
nganti tekan sepréné.
8 Raja Amazia banjur ngutus abdi sowan
Yoas, raja ing Israèl ditantang perang.
9 Nanging Raja Yoas ngutus wong
ngaturi wangsulan mengkéné, "Ing
sawijining dina suket eri bandhil ing
pegunungan Libanon muni karo wit
cemara, ‘Hé, cemara, anakmu wadon
wènèhna aku, dakolèhaké anakku.’
Nanging ora suwé banjur ana kéwan
alasan liwat ing kono, ngidak-idak eri
bandhil mau.
10 Amazia, panjenengan wis ngalahaké
wong Édom, mulané saiki umuk. Luwih

becik nrima olèh kemenangan semono
gedhéné lan aja metu-metu, anaa ing
ndalem waé. Apa gunané golèk mungsuh
lan nekakaké kasangsaran marang
sliramu lan marang rakyatmu."
11 Nanging Raja Amazia ora maèlu karo
pangandikané Raja Yoas. Mulané Raja
Yoas banjur metoni perang karo balané
menyang Bèt-Sèmès, ing Yéhuda. Ana
ing kana nuli tempuk perang karo Raja
Amazia.
12 Mulané Raja Amazia kalah, lan para
prejuritė padha mlayu, mulih menyang
omahé dhéwé-dhéwé.
13 Raja Amazia dicekel déning Raja
Yoas. Raja Yoas mlebu kutha Yérusalèm
lan njugrugaké bètèngé kutha mau,
dawané rong atus mèter, wiwit saka
Gapura Éfraim tekan Gapura Pojok.
14 Kabèh emas lan slaka sing ana,
sakèhé bekakas ing Pedalemané Allah
sarta barang-barang ing kedhaton sing
pengaji, digawa menyang Samaria
bebarengan karo wong tawanan
sawetara.
15 Lelakoné Raja Yoas, bab kekendelané
sajroning peprangan nglawan Amazia,

raja Yéhuda, kabèh wis katulis ing Kitab
Sejarahé Raja-raja Israèl.
16 Raja Yoas séda lan kasarèkaké
ing pesaréané raja-raja ing Samaria.
Yérobéam II, putrané, nggentosi
jumeneng raja.
17 Sapungkuré Yoas, raja ing Israèl,
Amazia raja ing Yéhuda isih sugeng
suwéné limalas taun.
18 Wasana ing Yérusalèm ana komplotan
sing arep nyédani Raja Amazia. Mulané
Raja Amazia banjur ngungsi menyang
Lakhis, nanging dioyak déning mungsuhé
lan dicekel ana ing kana, sarta disédani.
Layoné digawa mulih menyang
Yérusalèm, sarta disarèkaké ana ing
pesaréané raja-raja, ing kuthané Dawud.
Rakyat ing Yéhuda banjur ngangkat
Uzia, putrané Amazia, jumeneng raja.
Nalika semono Uzia yuswané nembelas
taun. Lelakoné Raja Amazia liya-liyané
wis katulis ing Kitab Sejarahé Raja-raja
Yéhuda.
19 (14:18)
20 (14:18)
21 (14:18)

22 Sapungkuré Amazia kutha Éliot
direbut menèh déning Uzia, lan
dibangun.
23 Nalika Amazia, putrané Yoas,
enggoné jumeneng raja ing Yéhuda
nyandhak limalas taun, Yérobéam II
putrané Yoas, wiwit jumeneng raja
ing Israèl; lan enggoné jumeneng raja
suwéné patang puluh siji taun; dalemé
ing Samaria.
24 Yérobéam II gawé dosa ing ngarsané
Allah, merga nglampahi pialané Raja
Yérobéam I, sing njalari wong Israèl iya
dadi dosa.
25 Daérah Israèl kabèh direbut menèh
déning Yérobéam II, wiwit saka dalan
menyang Hamat sisih Lor, nganti tekan
Segara Mati. Kuwi cocog karo janjiné
Pangéran, Allahé Israèl, lantaran Nabi
Yunus bin Amitai, wong Gat-Hèfèr.
26 Pangéran pirsa kasangsarané umat
Israèl, mangka ora ana wong siji waé
sing bisa nulungi.
27 Pangéran ora ngersakaké wong Israèl
tumpes, mulané kersa paring pitulungan
lantaran Raja Yérobéam
28 Lelakoné Raja Yérobéam II, bab
kekendelané ing peprangan lan bab

enggoné ngrebat menèh kutha Damsyik
lan Hamat kanggo bangsa Israèl, kabèh
wis katulis ana ing Kitab Sejarahé
Raja-raja Israèl.
29 Yérobéam II séda lan disarèkaké ing
pesaréané raja-raja. Zakharia, putrané,
nggentosi jumeneng raja.

15

1 Nalika Raja Yérobéam II
enggoné jumeneng raja ing Israèl
nyandhak pitulikur taun, Uzia, putrané
Amazia, jumeneng raja ing Yéhuda.
2 Nalika semono Uzia yuswané
nembelas taun. Enggoné jumeneng
raja ing Yérusalèm lawasé sèket taun.
Asmané Ibuné, Yékolya saka Yérusalèm.
3 Ora béda karo ramané, Uzia iya gawé
renaning penggalihé Pangéran.
4 Mung émané, Uzia ora nggempur
papan-papan panyembahané para déwa,
mula rakyat tetep gawé kurban lan
ngobong menyan ana ing kono.
5 Uzia diukum déning Pangéran srana
gerah kusta. Gerahé ora mari-mari
nganti manggèn ing dalemé dhéwé lan
dibébasaké saka tugas-tugasé tekan
sasédané. Yotam, putrané, nindakaké
pepréntahan, makili ramané.

6 Lelakoné Raja Uzia liya-liyané wis
katulis ing Kitab Sejarahé Raja-raja
Yéhuda.
7 Uzia séda lan disarèkaké ing
pesaréané raja-raja ing kuthané Dawud,
Yotam, putrané, nggentosi jumeneng
raja.
8 Nalika Raja Uzia enggoné jumeneng
raja ing Yéhuda nyandhak telung puluh
wolu taun, Zakharia putrané Yérobéam II
wiwit jumeneng raja ing Israèl, dedalem
ing Samaria. Enggoné jumeneng raja
suwéné nem sasi.
9 Padha karo raja-raja sing dhisik-
dhisik Zakharia nglampahi dosa ing
ngarsané Pangéran, kaya sing dilampahi
Raja Yérobéam I, njalari wong Israèl
nindakaké dosa.
10 Salum bin Yabès gawé komplotan
nglawan Raja Zakharia. Raja mau
disédani ing Yibléam. Salum nggentosi
jumeneng raja.
11 Srana mengkono kelakon apa sing
dijanjèkaké déning Pangéran marang
Raja Yéhu, yèn putra wayahé bakal
jumeneng raja Israèl nganti turun ping
pat. Riwayaté Raja Zakharia wis katulis
ing Kitab Sejarahé Raja-raja Israèl.

12 (15:11)
13 Nalika Raja Uzia enggoné jumeneng
raja ing Yéhuda nyandhak telung puluh
sanga taun, Salum bin Yabès wiwit
jumeneng raja ing Israèl, dedalem ing
Samaria. Enggoné jumeneng raja mung
sesasi, merga
14 Menahèm bin Gadi nglurug saka Tirza
menyang Samaria. Salum disédani, lan
Menahèm genti dadi raja.
15 Menahèm mau wiwit saka Tirza
nggempur kutha Tapuah lan penduduké,
semono uga daérah-daérah ing kiwa-
tengené tekan wong wadon sing
ngandhut dibedhèl wetengé. Enggoné
tumindak mengkono mau merga
kutha-kutha mau ora gelem teluk.
Lelakoné Raja Salum lan enggoné gawé
komplotan wis katulis ing Kitab Sejarahé
Raja-raja Israèl.
16 (15:15)
17 Nalika Raja Uzia enggoné jumeneng
raja ing Yéhuda nyandhak telung puluh
sanga taun, Menahèm bin Gadi wiwit
jumeneng raja ing Israèl. Dalemé ing
Samaria lan enggoné jumeneng raja
suwéné sepuluh taun.

18 Sasuwéné sugengé Raja Menahèm
nglampahi dosa ing ngarsané Pangéran
srana nglampahi pialané Yérobéam I,
sing njalari wong Israèl tumiba ing dosa.
19 Nalika Tiglat-Pilèsèr, raja ing Asyur
nyerang Israèl, Menahèm nyaosi
pisungsung rupa slaka 34.000 kilogram,
supaya Tiglat-Pilèsèr kersa mbiyantu
mbélani pangwasané Menahèm ing
Israèl.
20 Dhuwit slaka semono akèhé mau
saka wong-wong sugih ing Israèl, sing
diperes déning Menahèm. Saben wong
dipeksa mbayar sèket slaka. Mulané
Tiglat-Pilèsèr banjur lunga saka kono,
mulih menyang negarané dhéwé.
21 Lelakoné Menahèm liya-liyané wis
katulis ing Kitab Sejarahé Raja-raja
Israèl.
22 Menahèm séda lan disarèkaké.
Pékaya, putrané, nggentosi jumeneng
raja.
23 Nalika Raja Uzia jumeneng raja ing
Yéhuda nyandhak sèket taun. Pékaya,
putrané Menahèm wiwit jumeneng raja
ing Israèl. Enggoné jumeneng raja mau
suwéné rong taun, ana ing Samaria.

24 Pékaya nglampahi dosa ing ngarsané
Pangéran merga niru pialané Raja
Yérobéam I, sing njalari wong Israèl
padha gawé dosa.
25 Perwirané, yakuwi Pékah bin
Rémalya, gawé komplotan karo wong
sèket saka Giléad; Pékaya dipatèni
ing bètèngé kedhaton Samaria. Pékah
banjur jumeneng raja, nggentosi Pékaya.
26 Lelakoné Raja Pékaya liya-liyané wis
katulis ana ing Kitab Sejarahé Raja-raja
Israèl.
27 Nalika Uzia enggoné jumeneng raja
ing Yéhuda nyandhak sèket loro taun,
Pékah bin Rémalya diangkat jumeneng
raja ing Israèl, dedalem ing Samaria.
Enggoné jumeneng raja lawasé rong
puluh taun.
28 Pékah nglampahi dosa ing ngarsané
Pangéran, srana niru pialané Raja
Yérobéam I, sing njalari wong Israèl
tumiba ing dosa.
29 Nalika Pékah jumeneng raja,
Tiglat-Pilèsèr, raja Asyur ngrebut kutha
Iyon, Abèl Bèt-Maaka, Yanoah, Kèdès,
Hazor, daérah Giléad, Galiléa lan Naftali.
Penduduké kabèh ditawan lan diboyong
menyang Asyur.

30 Nalika Yotam bin Uzia enggoné
jumeneng raja ing Yéhuda nyandhak
rong puluh taun, Hoséa bin Éla
nganakaké komplotan nglawan Raja
Pékah. Raja Pékah disédani lan Hoséa
jumeneng raja, nggentosi Pékah.
31 Lelakoné Raja Pékah liya-liyané wis
katulis ana ing Kitab Sejarahé Raja-raja
Israèl.
32 Nalika Pékah bin Rémalya enggoné
jumeneng raja ing Israèl nyandhak rong
taun, Yotam bin Uzia wiwit jumeneng
raja ing Yéhuda.
33 Nalika semono Yotam yuswané
selawé taun; dedalem ing Yérusalèm;
enggoné jumeneng raja suwéné
nembelas taun. Ibuné asma Yérusa,
putrané Zadok.
34 Yotam nindakaké prekara sing bener
lan gawé renaning penggalihé Pangéran,
kaya Uzia, ramané.
35 Mung émané, papan-papan
panyembahé déwa-déwa ora digempur,
mula rakyat terus waé gawé kurban
lan ngobong menyan ana ing kono.
Yotam kuwi raja sing mbangun gapurané
Pedalemané Allah sing sisih Lor.

36 Nalika Yotam jumeneng raja, Gusti
Allah ngutus Rézin, raja Siria lan
Pékah raja ing Israèl, nyerang Yéhuda.
Lelakoné Raja Yotam liya-liyané wis
katulis ana ing Kitab Sejarahé Raja-raja
Yéhuda.
37 (15:36)
38 Raja Yotam séda lan disarèkaké ing
pesaréané raja-raja ing kuthané Dawud.
Akhas, putrané, nggentosi jumeneng
raja.

16

1 Nalika Raja Pékah bin Rémalya
enggoné jumeneng raja ing Israèl
nyandhak pitulas taun, Akhas bin Yotam
wiwit jumeneng raja ing Yéhuda.
2 Nalika semono Akhas yuswané rong
puluh taun, dedalem ing Yérusalèm.
Enggoné jumeneng raja suwéné
nembelas taun. Akhas nindakaké piala
ing ngarsané Pangéran, Allahé, ora kaya
Dawud, leluhuré.
3 Sing ditiru raja-raja ing Israèl, malah
putrané dhéwé didamel kurban marang
brahala, kaya adaté wong-wong sing
padha ditundhung déning Allah saka
negara Kenaan nalika Israèl mlebu ing
tanah mau.

4 Akhas damel kurban lan ngobong
menyan ana ing papan-papan
panyembahané déwa-déwa, ana ing
gunung-gunung lan ing ngisor wit-witan
sing ayom.
5 Dhèk samana Éliot wis direbut menèh
déning Rézin, raja Siria lan dibalèkaké
marang Édom lan wong Yéhuda sing
padha manggon ing kono ditundhungi.
Wong Édom padha ngalih mrono lan
manggon ing kono tekan sepréné. Ing
wektu semana uga Rézin, raja Siria, lan
Pékah, raja Israèl, nyerang lan ngepung
kutha Yérusalèm, nanging ora bisa
nelukaké Akhas.
6 (16:5)
7 Akhas ngirim utusan marang Tiglat-
Pilèsèr, raja ing Asyur, didhawuhi matur
mengkéné, "Kula keng abdi ingkang
setya; pramila panjenengan kula aturi
rawuh ngluwari kula saking tanganipun
raja Siria lan raja Israèl, ingkang sami
dhateng nyerang kula."
8 Akhas uga saos pisungsung rupa
emas lan slaka enggoné mundhut saka
Pedalemané Allah, lan saka kedhatoné.
9 Raja Tiglat-Pilèsèr ngabulaké
panyuwuné Akhas. Kutha Damsyik

diserbu, nuli direbut. Penduduké
ditawan, diboyong menyang Kir, lan
Rézin, raja Siria, disédani.
10 Nalika Raja Akhas ana ing Damsyik
sowan Raja Tiglat-Pilèsèr, pirsa mesbèh.
Raja Akhas banjur ngintunaké contoné
mesbèh mau lan princèné ukurané
marang Imam Uria ing Yérusalèm.
11 Uria banjur ngedegaké mesbèh sing
ukurané padha karo ukuran sing ditampa
mau. Mesbèh mau dirampungaké
sadurungé Akhas rawuh.
12 Sarawuhé saka Damsyik Raja Akhas
pirsa yèn mesbèhé wis dadi.
13 Akhas banjur saos kurban obongan
lan kurban dhaharan ana ing mesbèh
mau; kurban-kurbané banjur disiram
nganggo anggur lan getih dadi kurban
keslametan.
14 Raja Akhas pirsa yèn mesbèh prunggu
sing khusus kagem marang Allah papané
ana ing antarané Pedalemané Allah lan
mesbèh sing anyar. Mulané mesbèh
prunggu mau banjur dielih saka ngarepé
Pedalemané Allah menyang sisih loré
mesbèh anyar.
15 Raja Akhas banjur ngandika marang
Uria, "Kula aturi ngagem mesbèh kula

menika kanggé saos kurban énjing lan
sonten, ingkang kasaosaken déning raja
lan rakyat, lan kurban angguripun rakyat
kasiramna wonten ing ngriku. Sedaya
rahing kéwan ingkang kakurbanaken
kasiramna ugi wonten ing mesbèh
menika. Déné mesbèh prunggu menika
badhé kula enggé piyambak, mboten
kanggé manembah dhateng Gusti Allah."
16 Uria nglakoni apa sing didhawuhaké
déning Sang Prabu.
17 Kréta-kréta prunggu sing ana ing
Pedalemané Allah uga dirucati déning
Raja Akhas, semono uga jembangan-
jembangan sing ana ing kréta mau.
Jembangan prunggu sing disangga sapi
prunggu rolas iya dijupuk lan disèlèhaké
ing landhesan watu.
18 Lan menèh, kanggo nuruti kersané
raja Asyur, bangsal raja ing Pedalemané
Allah dibungkar déning Raja Akhas;
semono uga lawang sing khusus kanggo
mlebu raja, ditutup.
19 Lelakoné Raja Akhas liya-liyané wis
katulis ana ing Kitab Sejarahé Raja-raja
Yéhuda.
20 Raja Akhas séda lan kasarèkaké ing
pesaréané raja-raja ing kuthané Dawud.

Hizkia, putrané, nggentosi jumeneng
raja.

17 1 Nalika Akhas enggoné jumeneng
raja ing Yéhuda nyandhak rolas
taun, Hoséa bin Éla wiwit jumeneng
raja ing Israèl, dedalem ing Samaria.
Enggoné jumeneng raja suwéné sangang
taun.
2 Raja Hoséa nglampahi dosa ing
ngarsané Allah, nanging ora banget kaya
raja-raja ing Israèl sadurungé.
3 Raja Hoséa diserang lan ditelukaké
déning Salmanèsèr, raja ing Asyur, mula
saben taun kudu mbayar pajeg marang
Salmanèsèr mau.
4 Nanging ing sawijining wektu Hoséa
ngutus utusan menyang So, raja Mesir,
nyuwun bantuan lan Hoséa lèrèn
enggoné mbayar pajeg taunan marang
Asyur. Bareng Salmanèsèr pirsa yèn
dikhianati, Raja Hoséa banjur dicekel lan
dikunjara.
5 Sawisé mengkono, Salmanèsèr, raja
Asyur, banjur nyerang Israèl lan ngepung
Samaria. Bareng pangepungé mau
nyandhak taun kateluné,
6 yakuwi sangang tauné enggoné Hoséa
jumeneng raja — kutha Samaria direbut

déning Salmanèsèr. Wong Israèl ditawan
lan diboyong menyang Asyur. Sebagéan
ana sing dipapanaké ing kutha Hala,
sebagéan menèh ana ing sacedhaké Kali
Habor, ing wilayah Gozan, lan liyané ana
ing kutha-kutha ing tanah Madai.
7 Runtuhé Samaria merga Israèl wis
gawé dosa ana ing ngarsané Pangéran,
Allahé, sing wis ngluwari Israèl saka
tangané raja Mesir, diirid metu saka
tanah mau. Wong Israèl mau padha
nyembah marang déwa-déwa
8 lan niru adaté bangsa-bangsa sing
wis dilungakaké déning Allah saka
tanah Kenaan, yakuwi nalika bangsa
Israèl mlebu ing tanah kono merangi
bangsa-bangsa mau. Wong Israèl padha
niru adat tata carané raja-raja Israèl,
9 sarta nglakoni prekara-prekara sing
nyulayani kersané Pangéran, Allahé.
Padha gawé papan panyembahan
brahala ana ing saben kuthané, ya ing
kutha cilik, ya ing kutha gedhé.
10 Ing saben punthuk lan ing sangisoring
saben wit sing ayom didegi tugu déwa
lan recané Dèwi Asyéra.
11 Wong-wong mau padha ngobong
menyan ing mesbèh-mesbèh kanggo

déwa, kaya adaté bangsa-bangsa sing
biyèn dilungakaké déning Pangéran
saka tanah Kenaan. Senajan wis diawisi
déning Pangéran, éwasemono isih tetep
waé enggoné padha nyembah marang
brahala. Sakèhing penggawéné wong
Israèl sing ala mau njalari dukané
Pangéran.
12 (17:11)
13 Pangéran wis ndhawuhi para utusan
lan para nabiné marang umat Israèl
lan Yéhuda nglantaraké dhawuhé
mengkéné, "Padha maria nglakoni
piala lan netepana sakèhé dhawuh lan
pepakon kang Dakparingaké marang
para leluhurmu lan marang kowé
lantaran para nabi, abdi-Ku."
14 Nanging Israèl lan Yéhuda padha
ora gelem ngrungokaké; malah padha
mbangkang kaya para leluhuré, sing
padha ora gelem precaya marang
Pangéran, Allahé.
15 Israèl lan Yéhuda padha ora gelem
netepi dhawuh-dhawuhé Pangéran lan
ora setya marang prejanjian-prejanjian
sing dianakaké déning Allah karo
para leluhuré. Pepènget-pepèngeté[n]

---

[n]pepènget: Bengis (bhs. Ind.).

Allah ora dirèwès, malah pilih padha
nyembah brahala sing ora ana gunané.
Padha niru tuladhané bangsa-bangsa
sakiwa-tengené, senajan wis diawisi
déning Allah.
16 Prenatané Pangéran Allahé diterak
kabèh lan padha gawé reca sapi saka
emas utawa prunggu, banjur disembah.
Padha gawé recané Dèwi Asyéra,
nyembah lintang-lintang lan ngabekti
marang Déwa Baal.
17 Anak-anaké padha dienggo kurban
obongan marang déwa. Padha olah
ilmu sihir lan njaluk pituduh marang
dhukun-dhukun sing nekakaké roh-roh.
Semono enggoné padha giat nerak
dhawuhé Allah,
18 nganti Gusti Allah duka banget,
lan ora kersa menggalih marang Israèl
menèh, malah banjur dibuwang saka
tanah sing wis diparingaké marang
bangsa mau. Sing isih mung kraton
Yéhuda.
19 Nanging wong-wong Yéhuda uga
ora netepi dhawuh-dhawuhé Pangéran,
Allahé. Malah padha nganut adat tata
carané wong Israèl.

20 Wasana umat Israèl kabèh
disébrataké[o] déning Allah. Bangsa
mau diukum lan diulungaké marang
mungsuh-mungsuhé sing ambek
siya. Bangsa mau ditégakaké, malah
banjur dibuwang saka tanah sing wis
diparingaké marang bangsa mau.
21 Sawisé Gusti Allah ngedohaké wong
Israèl saka wong Yéhuda, wong Israèl
banjur ngangkat Yérobéam bin Nébat
dadi rajané. Yérobéam banjur damel
ada-ada ngedohaké saka Allah lan
nglampahi dosa-dosa gedhé.
22 Wong Israèl niru marang tuladhané
Yérobéam lan nglakoni sakèhé paneraké
Yérobéam,
23 nganti wekasané Gusti Allah ora
kersa menggalih marang wong Israèl,
malah banjur dibuwang saka tanah sing
wis diparingaké marang bangsa mau.
Kuwi cocog karo pangandika sing wis
diparingaké déning Gusti Allah lantaran
para abdiné, yakuwi para nabi. Kaya
mengkono wusanané wong Israèl padha
kabuwang menyang Asyur, lan padha
manggon ing kono nganti sepréné.

---

[o]disébrataké: mboten dipun akeni umat kagunganipun Allah.

24 Minangka gantiné wong Israèl
sing padha diboyong menyang
pembuwangan, raja Asyur nekakaké
wong-wong saka Babil, Kutha, Awa,
Hamat lan Séfarwaim menyang kutha-
kutha ing tanah Samaria. Wong-wong
mau banjur padha ngalih mrono lan
saterusé manggon ana ing kono.
25 Ing kawitan wong-wong mau padha
ora ngurmati marang Allah; mulané
Gusti Allah banjur nekakaké singa-singa
sing mangsa wong kono sawetara.
26 Raja Asyur diaturi pirsa yèn
wong-wong Asyur sing dipapanaké
ing kutha-kutha Samaria padha ora
ngerti prenatan-prenatané déwané
negara kono. Mulané déwa kono banjur
nekakaké singa sing mangsa wong-wong
neneka mau.
27 Kuwi sebabé raja Asyur banjur
dhawuh supaya anaa imam saka
antarané wong tawanan sing diboyong
menyang Asyur, dibalèkaké menyang
Samaria. Pangandikané Sang Prabu,
"Imam kuwi balia menyang tanah
Samaria, supaya ngandhani wong-wong
bab prenatan-prenatané déwané tanah
kana."

28 Mulané ana imam Israèl, sing wis
diboyong saka tanah Samaria menyang
Asyur, dibalèkaké menèh lan manggon
ing Bètèl. Ana ing kana imam mau
mulang rakyat bab patrapé nyembah
marang Allah.
29 Nanging wong-wong sing padha
manggon ing Samaria tetep nyembah
brahalané dhéwé-dhéwé; brahala-
brahala mau didokokaké ana ing tilas
papan panyembahané brahalané wong
Israèl. Saben golongan padha gawé
brahalané dhéwé-dhéwé, ing kutha sing
dienggoni.
30 Wong Babil gawé recané Déwa
Sukot-Benot, wong Kutha gawé recané
Déwa Nergal, wong Hamat gawé recané
Déwa Asima,
31 wong Awa gawé recané Nibhas
lan Tartak. Déné wong Séfarwaim
nyaosaké kurban obongan kanggo
Déwa Adramèlèkh lan Anamèlèkh; sing
dikurbanaké anak-anaké.
32 Kejaba nyembah marang déwa-
déwa mau wong-wong ing kono uga
nyembah marang Allah. Imam-imam
sing gawé kurban ana ing papan-papan
panyembahané déwa-déwa dipilih saka

antarané wong neneka rupa-rupa, sing
manggon ana ing kono.
33 Dadi wong-wong ing kono padha
nyembah marang Allah, nanging uga
nyembah marang déwané dhéwé-dhéwé
saka negara asalé.
34 Sepréné wong-wong mau isih padha
ngleluri adat tata carané dhéwé-dhéwé
lan ora nyembah marang Allah lan
uga ora netepi prenatan-prenatan
sing diparingaké déning Allah marang
anak-turuné Yakub, sing disebut Israèl.
35 Gusti Allah wis damel prejanjian karo
Israèl mengkéné, "Aja padha nyembah
marang brahala. Aja sujud utawa
ngabekti sarta gawé kurban kanggo
brahala mau.
36 Ngurmatana Aku, Allahmu sing wis
ngluwari kowé saka tanah Mesir nganggo
mujijat lan kasektèn gedhé. Ngabektia
marang Aku lan saosna kurbanmu
marang Aku.
37 Tetepana dhawuh-Ku lan prenatan-
prenatan-Ku sing wis Daktulis kanggo
kowé. Aja ngabekti marang déwa-déwa.
38 Aja lali marang prejanjian sing
Dakgawé karo kowé.

39 Mbangun-turuta marang Aku,
Allahmu, lan Aku bakal ngluwari kowé
saka mungsuh-mungsuhmu."
40 Nanging penduduk Samaria ora
gelem nggatèkaké; malah padha tetep
ngleluri adat tata carané dhéwé-dhéwé.
41 Kejaba nyembah marang Allah, iya
tetep padha nyembah marang brahala-
brahalané dhéwé-dhéwé. Anak-turuné
wong-wong mau sepréné isih nindakaké
mengkono.

18 1 Nalika Hoséa bin Éla enggoné
jumeneng raja ing Israèl
nyandhak telung taun, Hizkia bin Akhas
wiwit jumeneng raja ing Yéhuda.
2 Nalika semono Hizkia yuswa selawé
taun, lan dedalem ing Yérusalèm.
Enggoné jumeneng raja suwéné
sangalikur taun. Asmané ibuné Abi,
putrané Zakharia.
3 Raja Hizkia nglampahi dhawuh lan
gawé renaning penggalihé Allah, sing
ditiru Raja Dawud, leluhuré.
4 Papan-papan panyembahan brahala
digempur kabèh. Tugu-tuguné déwa-
déwa dirubuhaké, lan reca-recané Dèwi
Asyéra diremuk. Ula tembaga sing
digawé Musa lan kasebut Néhustan

diremuk, merga tekan wektu kuwi wong
Israèl padha ngobong menyan kanggo
ngurmati ula tembaga mau.
5 Ing antarané para raja ing Yéhuda
sing sadurungé, utawa sing sawisé, ora
ana sing kaya Hizkia. Panjenengané
precaya marang Pangéran, Allahé Israèl
lan setya marang Panjenengané.
6 Ora tau nglawan marang Allah. Malah
sakèhé dhawuhé lantaran Musa ditetepi
temenan.
7 Mulané Gusti Allah tansah mitulungi
Raja Hizkia, lan apa sing ditandangi
mesthi olèh gawé. Raja Hizkia mbrontak
nglawan raja Asyur, ora gelem teluk.
8 Raja Hizkia iya nelukaké wong
Filistin; désa-désa sing cilik dhéwé
tekan kutha-kutha sing gedhé pisan
dijarah-rayah, semono uga Gaza lan
wilayah kiwa-tengené.
9 Nalika pepréntahané Raja Hizkia
nyandhak patang taun, kuwi taun
kapituné pepréntahané Raja Hoséa ing
Israèl, Salmanèsèr, raja Asyur ngepung
kutha Samaria.
10 Sawisé dikepung telung taun lawasé
Samaria teluk. Nalika semono Raja
Hizkia enggoné jumeneng raja ing

Yéhuda nyandhak nem taun, lan Hoséa
jumenengé raja ing Samaria sangang
taun.
11 Bangsa Israèl banjur ditawan lan
diboyong déning raja Asyur menyang
negarané. Wong Israèl mau sapérangan
ana sing dipapanaké ing kutha Hala,
sapérangan menèh ing sacedhaké Kali
Habor, ing wilayah Gozan, lan liyané ana
ing kutha-kutha ing tanah Madai.
12 Teluké Samaria mau merga wong
Israèl ora padha mbangun-turut
marang Pangéran, Allahé; padha
nerak prejanjiané karo Gusti Allah
lan nglanggar sakèhé préntahé Musa,
abdiné Allah. Wong-wong mau ora padha
ngrungokaké lan ora nglakoni.
13 Nalika pepréntahané Raja Hizkia
nyandhak patbelas taun, kutha-kutha ing
Yéhuda sing dikubengi bètèng diserang
lan direbut déning Sanhérib, raja ing
Asyur.
14 Hizkia ngutus utusan marang
Sanhérib, sing nalika semono ana ing
Lakhis, aturé, "Kula ngaken lepat;
pramila kula suwun serangan dhateng
kitha-kitha kula menika dipun kèndeli.
Menapa kémawon ingkang panjenengan

pundhut, badhé kula saosaken."
Sanhérib mangsuli yèn Hizkia kudu
mbayar dhendha awujud slaka sepuluh
èwu kilogram lan emas sèwu kilogram.
15 Mulané sakèhé slaka sing ana ing
Pedalemané Allah lan sing ana ing kas
kedhaton diaturaké kabèh déning Raja
Hizkia marang Sanhérib.
16 Tekan emas sing kanggo nglapisi
lawang-lawanging Pedalemané Allah,
sing dipasang déning Raja Hizkia dhéwé,
kepeksa dithèthèli lan dikirimaké marang
Sanhérib.
17 Nanging raja Asyur mau saka Lakhis
ngirim pasukan akèh, dipimpin déning
perwira telu kanggo nyerang Yérusalèm.
Satekané ing kutha Yérusalèm kono
banjur padha mandheg ing panggonan
sing karan Palemahané Tukang Tenun,
sacedhaké kalèn sing ngilèkaké banyu
saka blumbang ndhuwur.
18 Sawisé mengkono perwira-perwira
Asyur mau banjur kongkonan wong
ngaturi Raja Hizkia. Pegawéné Hizkia,
wong telu, banjur metu nemoni.
Pegawé-pegawé mau jenengé: Èlyakim,
bin Hilkia, penggedhé urusan kraton,

Sèbna sèkretaris negara, lan Yoah bin
Asaf, bendahara negara.
19 Ana jéndral Asyur sing kandha
karo wong telu mau mengkéné,
"Pangandikané raja Asyur iki kandhakna
marang Hizkia, ‘Yagéné kowé rumangsa
rosa?
20 Apa kokkira tembung waé bisa
ngrobah siasat lan kekuwatané tentara!
Sapa ta sing kokendelaké, kokkowé
nganti wani nglawan marang Asyur?
21 Kowé njagakaké pitulungané wong
Mesir. Nanging kuwi rak padha karo
nganggo teken glagah. Teken kuwi
bakal tugel lan natoni tanganmu. Kaya
mengkono kaanan sanyatané raja
Mesir kanggo wong sing njagakaké
pitulungané.’"
22 Perwira Asyur mau kandha menèh,
"Bisa uga kowé padha njagakaké
pitulungané Pangéran, Allahmu? Nalika
Hizkia dhawuh supaya wong Yéhuda lan
Yérusalèm ngemungna manembah ing
ngarepé mesbèh ing Yérusalèm, apa sing
dirusak kuwi dudu papan-papan sing
kanggo nyembah marang Allah dhéwé?
23 Saiki aku atas asmané raja Asyur
wani totohan, yèn kowé diwènèhi jaran

rong èwu, kowé mesthi ora duwé wongé
sing bisa nunggangi!
24 Perwiraku sing asor dhéwé waé kowé
ora bisa nandhingi. Éwasemono kowé
padha duwé pengarep-arep yèn Mesir
bakal kirim bantuan kréta perang lan
bala jaranan!
25 Apa kokkira enggonku nyerang
lan ngalahaké negaramu kuwi ora
nganggo pitulungané Allah? Allah dhéwé
sing ngutus aku nyerang lan numpes
negaramu!"
26 Èlyakim, Sèbna lan Yoah banjur
kandha karo perwira mau, "Pak,
kula aturi ngandika mawi basa Aram
kémawon, kula sami ngertos. Sampun
nganggé basa Ibrani, mangké rakyat
ingkang sami wonten ing témbok-témbok
mindhak sami ngertos."
27 Wangsulané perwira mau, "Aja
kokkira yèn aku diutus raja Asyur
mung didhawuhi kandha karo kowé
lan karo rajamu waé. Aku iya kandha
karo rakyat sing padha lungguh ana ing
témbok-témbok kuwi, sing bakal padha
mangan kotorané dhéwé lan ngombé
uyuhé dhéwé."

28 Perwira mau banjur ngadeg lan
kandha seru nganggo basa Ibrani,
"Padha rungokna. Mengkéné ngandikané
raja Asyur:
29 ‘Aja gelem diapusi Hizkia, wong sing
ora bisa mitulungi kowé.
30 Aja ngrungokaké pambujuké Hizkia
supaya kumandel marang Yéhuwah.
Aja kokkira Allah bisa mitulungi kowé
utawa ngalang-alangi Asyur nggempur
kuthamu.
31 Kowé aja ngrungokaké Hizkia. Aku,
raja Asyur, préntah, metua saka kutha
lan pasraha. Mengko kowé bakal mangan
woh anggur saka kebonmu dhéwé, lan
mangan woh ara saka witmu dhéwé,
sarta ngombé banyu saka sumurmu
dhéwé,
32 nganti kowé dakboyong menyang
negara manca sing mèmper karo
negaramu dhéwé. Ing kana ana kebon
anggur sing metokaké anggur kanggo
kowé, ana sawah gandum sing ngasilaké
glepung kanggo panganmu. Ing kana
akèh wit zaitun, lenga zaitun lan
madu. Yèn kowé nurut karo dhawuhku,
kowé bakal urip, ora bakal mati. Aja
nggatèkaké marang Hizkia. Kowé mung

diapusi, supaya kowé ngandel yèn arep
dipitulungi déning Allah.
33 Apa ana déwa sing bisa nylametaké
bangsané saka tanganku?
34 Ana ing endi déwa-déwané tanah
Hamat lan Arpad? Ana ing endi déwa-
déwané Séfarwaim, Héna lan Iwa? Apa
ana déwa teka sing mitulungi Samaria?
35 Endi ana déwa sing bisa ngluwari
tanahé saka tanganku? Mulané aja ngira
yèn Allah bakal mitulungi Yérusalèm!'"
36 Krungu tembung mengkono mau
penduduk Yérusalèm ora ana sing
kumecap, sebab Raja Hizkia wis dhawuh
supaya padha meneng waé.
37 Mulané Èlyakim, Sèbna lan Yoah
padha nyuwèk jubahé merga saka
sedhihé. Banjur padha sowan marang
Sang Prabu nglapuraké apa sing
dikandhakaké déning perwira Asyur
mau.

19 1 Nalika Raja Hizkia mireng
lapurané wong telu mau nyuwèk
agemané, banjur ngagem ageman bagor,
nélakaké enggoné sedhih, sarta tindak
menyang Pedalemané Allah.
2 Èlyakim, kepalané kraton, Sèbna
sèkretaris negara lan para imam sing

tuwa-tuwa diutus nemoni Nabi Yésaya
bin Amos. Wong-wong mau uga padha
nganggo klambi bagor.
3 Welingé Raja Hizkia marang Yésaya
surasané mengkéné, "Dinten menika
dinten kasisahan; kita sami dipun ukum
lan dipun sepèlèkaken. Kita kados tiyang
èstri ingkang sampun badhé mbabar,
nanging mboten saged nglairaken.
4 Raja Asyur sampun ngutus perwira
supados ngawon-awon Gusti Allah,
ingkang sipat gesang. Mbokmenawi
Pangéran, Allah panjenengan, midhanget
panyenyamah[p] menika, lan kersa males
dhateng tiyang ingkang ngucapaken
pengawon-awon menika. Kula aturi
ndedonga dhateng Pangéran kanggé
tiyang-tiyang kita, ingkang taksih kantun
menika."
5 Sawisé nampi welingé Raja Hizkia
mau,
6 Nabi Yésaya nuli ngandika mengkéné,
"Panjenengan mboten sisah ajrih menawi
midhanget tembungipun tiyang-tiyang
Asyur menika, bilih Allah mboten saged
ngluwari kita.

---

[p]nyenyamah: mencela (bhs. Ind.).

7 Allah badhé damel raja Asyur mireng
pawartos, ingkang njalari piyambakipun
wangsul dhateng negarinipun. Wonten
ing ngrika piyambakipun badhé dipun
pejahi."
8 Perwira Asyur mau krungu kabar yèn
rajané wis tindak saka Lakhis, nglurug
perang menyang kutha Libna, ora adoh
saka kono. Mulané perwira mau mrana
arep sowan.
9 Wong Asyur padha olèh kabar, yèn
tentara Mesir, sing dipimpin déning
Tirhakah, raja Sudan arep nyerang bala
Asyur. Krungu sing mengkono raja Asyur
banjur kirim layang marang Hizkia, raja
Yéhuda.
10 Surasané mengkéné, "Aja kena
diapusi déning Allahmu sing kokndel-
ndelaké kuwi, sing janji bakal ngluwari
kowé saka tanganku.
11 Kowé wis krungu yèn saben negara
sing diserang déning raja Asyur, mesthi
ditumpes.[q] Apa kokkira kowé bisa lolos?
12 Nalika leluhurku nelukaké kutha
Gozan, Haran, lan Rèzèf sarta matèni
wong Bèt-Èden sing padha manggon ing

[q]ditumpes: dimusnahkan (bhs. Ind.).

Telasar, ora ana déwané siji waé sing
bisa nylametaké wong-wong mau.
13 Raja-rajané kutha Hamat, Arpad,
Séfarwaim, Héna lan Iwa saiki padha
ana ing ngendi?"
14 Raja Hizkia nampa layang mau
saka para utusan, banjur diwaos.
Panjenengané banjur mlebet Pedalemané
Allah lan njèrèng layang mau ana ing
ngarsané Allah.
15 Hizkia banjur ndedonga, "Dhuh
Pangéran, Allahipun Israèl, ingkang
pinarak ing dhampar[r] sinanggi déning
para malaékat Paduka, inggih namung
Paduka piyambak ingkang ngerèh
kraton-kraton ing salumahing bumi,
margi Paduka ingkang nitahaken langit
lan bumi.
16 Gusti, mugi kepareng menggalih
dhateng kedadosan ingkang kawula
alami. Kersaa midhangetaken sedaya
panyenyamahipun Sanhérib dhateng
Paduka, Allah ingkang gesang.
17 Kawula sami mangertos, bilih
raja-raja Asyur sampun nelukaken
bangsa-bangsa kathah, lan ngrisak
negari-negarinipun.

---

[r]dhampar: takhta (bhs. Ind.).

18 Déwa-déwanipun bangsa-bangsa
wau inggih sampun dipun besmi lan
dipun remuk, mergi déwa-déwa wau
pancèn sanès Allah. Menika namung
damelaning tanganipun manungsa,
kadamel saking kajeng lan séla.
19 Dhuh Pangéran, Allah kawula, kersaa
ngluwari kawula saking tiyang-tiyang
Asyur menika, supados sedaya bangsa
sajagad ngakenana, bilih namung
Paduka piyambak ingkang jumeneng
Allah, mboten wonten sanèsipun."
20 Nabi Yésaya banjur kirim layang
marang Sang Prabu Hizkia, surasané,
"Gusti Allah sampun paring wangsulan
dhateng pandonganipun Sang Prabu
mekaten, ‘Sanhérib, kowé digeguyu lan
disepèlèkaké déning kutha Yérusalèm.
21 (19:20)
22 Sing kokala-ala kuwi sapa? Ora
liya iya Aku, Allahé Israèl, Allah kang
mahasuci, ya Aku iki sing kokcecamah.
Angkuh temen tangkepmu[s] marang Aku.
23 Kowé wis akon ngumukaké yèn
srana kréta perangmu kowé nelukaké
gunung-gunung sing dhuwur dhéwé ing
Libanon. Kowé umuk merga wis negor

---

[s]tangkep: sikap (bhs. Ind.).

wit-wit cemara sing dhuwur dhéwé lan
sing éndah dhéwé, sarta wis nlusup ing
alas-alas sing gedhé dhéwé.
24 Kowé iya ngegung-egungaké
enggonmu wis ngedhuk sumur lan
ngombé banyu ing negara-negara
manca, lan para prejuritmu wis
ngidak-idak Bengawan Nil nganti asat.’
25 Apa kowé durung krungu yèn kuwi
mau kabèh wis Dakrancang wiwit jaman
kuna mula? Lan saiki lagi Daktindakaké.
Rak Aku dhéwé ta sing maringi pangwasa
marang kowé, supaya kowé nggempur
bètèngé kutha-kutha dadi ludhesan.
26 Wong-wong sing padha manggon
ing kutha-kutha mau ora padha duwé
kekuwatan, mulané padha kagèt lan
wedi. Wong-wong mau padha kaya
suket ing ara-ara, utawa kaya suket sing
thukul ana ing payoning omah, sing dadi
garing samasa katerak ing angin panas
saka Wétan.
27 Nanging Aku weruh kaanan
sing sanyatané. Aku weruh sing
koktindakaké, lan ngerti menyang endi
paranmu. Aku ngerti yèn kowé nesoni
Aku.

28 Aku wis krungu bab enggonmu gumedhé. Saiki irungmu bakal Dakkeluhi[t] lan cangkemmu Dakkendhalèni, supaya kowé Daktuntun bali metu dalan sing biyèn kokliwati."
29 Sawisé mengkono Nabi Yésaya ngaturaké piweling marang Raja Hizkia mengkéné, "Menika tandhanipun prekawis ingkang mangké badhé kelampahan. Taun menika lan taun ngajeng rakyat badhé nedha gandum ingkang tuwuh piyambak. Nanging sesampunipun menika rakyat badhé nedha gandum lan ngombé anggur saking tanemanipun piyambak.
30 Tiyang Yéhuda ingkang taksih sami gesang, badhé dados makmur kados taneman, ingkang lebet oyodipun, lan medalaken woh.
31 Ing Yérusalèm lan ing redi Sion badhé wonten tiyang-tiyang ingkang kawilujengaken, mergi Allah sampun nemtokaken mekaten.
32 Mekaten pangandikanipun Allah bab negari Asyur: ‘Asyur ora bakal mlebu ing kutha kono, utawa nglepas panahé marang Yérusalèm, sepisan waé ora, lan

[t]keluh: kelikir (bhs. Ind.).

prejurit-prejurité sing nganggo tamèng,
siji waé ora ana sing bakal nyedhak
mrono. Lan ora ana tanggul sing dienggo
ngepung kutha kono.
33 Raja Asyur bakal bali liwat dalan sing
diliwati nalika teka, lan ora bakal mlebu
ing kutha Yérusalèm. Aku Pangéran, sing
ngandika.
34 Kutha Yérusalèm bakal Dakbéla lan
Dakreksa, krana saka asma-Ku lan krana
prejanjian-Ku karo Dawud, abdi-Ku.'"
35 Bengi kuwi uga malaékaté Pangéran
rawuh ing kémah-kémahé wong Asyur
lan matèni prejurit 185.000. Ésuké
mayit-mayit mau pating gléthak
saenggon-enggon!
36 Temahan Sanhérib, Raja Asyur, mulih
menyang Ninewé.
37 Ing sawijining dina, nalika mbeneri
sembahyang ana ing candhiné Déwa
Nisroh, Sanhérib disédani nganggo
pedhang déning Adramèlèkh lan Sarèzèr,
putra-putrané. Sawisé mengkono
putra-putrané mau padha mlayu ngungsi
menyang negara Ararat. Ésar-Hadon,
putrané liyané, jumeneng raja, nggentèni
Sanhérib.

20 1 Ing wektu kuwi, Raja Hizkia gerah wudunen, saking bangeté nganti mèh séda. Nabi Yésaya bin Amos, sowan lan matur mengkéné, "Gusti Allah ngandika, supados panjenengan mbèrèsaken urusan panjenengan sedaya, mergi panjenengan mboten badhé saras malih. Panjenengan mboten dangu malih badhé kapundhut."
2 Raja Hizkia banjur madhep menyang témbok karo ndedonga,
3 "Dhuh Allah, mugi kersa ngèngeti, bilih kawula sampun ngabekti dhateng Paduka kalayan setya lan temen-temen. Kawula tansah ngudi sagedipun nglampahi kersa Paduka." Raja Hizkia banjur muwun melas asih.
4 Nabi Yésaya banjur tindak, Raja Hizkia ditilar. Nanging sadurungé miyos saka pekarangané kraton, Nabi Yésaya didhawuhi déning Allah
5 supaya bali menèh marang Hizkia, rajané umaté Allah, karo didhawuhi mengkéné, "Aku Pangéran Allah sing dibektèni déning Dawud leluhurmu. Aku wis miyarsakaké pandongamu sarta mirsani panangismu. Kowé bakal

Dakwarasaké. Telung dina menèh kowé
bakal sowan ing Pedalemané Allah.
6 Umurmu bakal Daktambahi limalas
taun. Kowé lan kutha Yérusalèm bakal
Dakluwari saka Raja Asyur. Kutha iki
bakal Dakreksa krana saka asma-Ku lan
krana janji-Ku marang Dawud, abdi-Ku."
7 Nabi Yésaya banjur utusan wong
mopokaké woh ara sing digawé alus ana
ing wuduné Raja Hizkia.
8 Aturé marang Nabi Yésaya, "Menapa
pretandhanipun, bilih Gusti Allah badhé
nyarasaken kula, lan bilih tigang dinten
malih kula badhé saged sowan ing
Pedalemanipun Allah?"
9 Wangsulané Nabi Yésaya, "Allah
badhé paring pretandha dhateng
panjenengan, bilih Allah netepi
janjinipun. Samenika menapa ingkang
panjenengan kersakaken; menapa
ngersakaken supados ayang-ayanganing
jarumipun jam surya damelanipun Raja
Akhas majeng sedasa garis, menapa
mundur sedasa garis?"
10 Aturé Raja Hizkia, "Ndamel ayang-
ayangan majeng sedasa garis menika
gampil. Pramila kadamela mundur
kémawon sedasa garis."

11 Nabi Yésaya nuli ndedonga marang
Allah. Panjenengané banjur ngunduraké
ayang-ayangané jarum jam srengéngé
mau sepuluh garis.
12 Dhèk semana raja Babil, Merodhah
Baladan putrané Raja Baladan, mireng
yèn Raja Hizkia nembé waé saras
gerahé. Mulané banjur utusan nggawa
layang lan hadiah marang raja Hizkia.
13 Raja Hizkia nampani utusan
mau klawan bungah lan mamèraké
kasugihané emas lan slaka, anggi-
anggi[u] lan lenga wangi, semono uga
gegamaning tentarané. Ora ana barang
ing kedhaton sing ora dipamèraké.
14 Nabi Yésaya banjur sowan marang
Raja Hizkia lan nyuwun pirsa, "Tiyang-
tiyang menika saking pundi? Sami matur
menapa?" Pangandikané Raja Hizkia,
"Tiyang-tiyang menika saking negari
tebih, saking negari Babil."
15 Nabi Yésaya nyuwun pirsa menèh,
"Sami ningali menapa wonten ing
kedhaton ngriki?" Pangandikané Raja
Hizkia, "Sami ningali samukawis.
Mboten wonten barang keprabon
setunggal kémawon ingkang mboten

---

[u]anggi-anggi: rempah-rempah (bhs. Ind.).

kula tedhahaken dhateng tiyang-tiyang
menika."
16 Nabi Yésaya banjur matur marang
Sang Prabu, "Gusti Allah ngandika
17 bilih badhé wonten wekdalipun
sedaya barang ing kedhaton
panjenengan, lan ingkang
kaklempakaken déning para leluhur
panjenengan, sedaya badhé kaboyong
dhateng tanah Babil, mboten wonten
setunggal kémawon ingkang kantun.
18 Saking antawisipun putra-wayah
panjenengan badhé wonten ingkang
kapendhet, kadadosaken abdi ing
kedhaton Babil, ngladosi raja Babil."
19 Pangandikané Raja Hizkia, "Prayogi
sanget pangandikanipun Allah, ingkang
panjenengan lantaraken dhateng kula."
Pangandikané sing mengkono mau
merga ngira yèn tegesé kratoné Hizkia
bakal ngalami katentreman selawasé
sugengé.
20 Riwayaté Raja Hizkia liya-liyané,
bab lelabeté kaprewirané lan enggoné
yasa blumbang sarta ilèn-ilèn kanggo
ngilèkaké banyu menyang kutha, kabèh
wis katulis ing Kitab Sejarahé Raja-raja
Yéhuda.

21 Hizkia séda; Manasyè putrané, nggentosi jumeneng raja.

21

1 Nalika Manasyè jumeneng raja ing Yéhuda yuswané rolas taun. Dalemé ing Yérusalèm. Enggoné jumeneng raja lawasé sèket lima taun. Asmané ibuné Hèfziba.

2 Manasyè nglampahi dosa ing ngarsané Pangéran, yakuwi niru adat tata-carané bangsa-bangsa Kenaan, sing ditundhung déning Pangéran, nalika bangsa Israèl teka ngenggoni negara mau.

3 Panggonan panyembahan brahala, sing wis dirusak déning Hizkia, dibangun menèh. Manasyè yasa mesbèh-mesbèh kanggo nyembah Baal, lan gawé reca-recané Dèwi Asyéra, kaya sing ditindakaké déning Akhab, raja ing Israèl. Manasyè uga nyembah lintang-lintang.

4 Pangéran wis dhawuh yèn Pedalemané Allah kuwi panggonan kanggo nyembah marang Allah, éwasemono Manasyè yasa mesbèh-mesbèh kanggo nyembah para déwa.

5 Ing plataranè Pedalemané Allah karo pisan didegi mesbèh-mesbèh kanggo nyembah lintang-lintang.

6 Putrané dienggo kurban obongan.
Raja Manasyè iya olah ilmu tenung, ilmu
nujum, ilmu gaib, lan ilmu préwangan,
yakuwi njaluk pitulunganė roh-roh.
Dosa-dosané sing mengkono mau njalari
dukané Gusti Allah.
7 Lambangé Dèwi Asyéra dipasang
ing Pedalemané Allah, mangka bab
panggonan mau Gusti Allah wis ngandika
marang Dawud lan Suléman, putrané,
"Pedaleman-Ku ing Yérusalèm, mulané
umat-Ku Israèl kudu padha nyembah
marang Aku ana ing kana.
8 Lan yèn umat Israèl nindakaké
sakèhé dhawuh-Ku lan netepi prenatan-
prenatan sing diwènèhaké déning Musa,
abdi-Ku, Aku bakal ora négakaké umat
Israèl ditundhung saka tanah, sing wis
Dakparingaké marang para leluhuré."
9 Nanging wong Yéhuda padha ora
mbangun-turut marang Pangéran, malah
Manasyè nglakoni dosa sing luwih gedhé
ketimbang karo dosané wong Kenaan
sing dilungakaké déning Allah, nalika
umat Israèl teka, ngenggoni tanah kono.
10 Mulané Gusti Allah ngandika lantaran
para nabi, abdiné, mengkéné,

11 "Raja Manasyè kuwi ala banget,
penggawéné luwih ala ketimbang
karo penggawéné wong Kenaan, lan
brahala-brahalané njalari wong Yéhuda
iya padha gawé dosa.
12 Mulané Aku, Allah sing disembah
déning umat Israèl, bakal nekakaké
kasangsaran gedhé ing Yérusalèm lan
ing Yéhuda, nganti saben wong sing
krungu bakal padha kagèt.
13 Yérusalèm bakal Dakukum, kaya
patrapé enggon-Ku ngukum marang
Samaria lan Akhab, raja Israèl, lan anak-
turuné. Yérusalèm bakal Daktumpes
tapis, kaya piring sing diasahi lan
dikurebaké.
14 Penduduké sing isih kari bakal
Dakulungaké dadi mangsané para
mungsuhé, sing bakal ngrucati
gegamané lan njarah-rayah negarané.
15 Kuwi kabèh bakal disangga déning
umat-Ku, merga padha nglakoni dosa
marang Aku lan gawé duka-Ku, wiwit
saka jamané leluhuré metu saka tanah
Mesir, tekan sepréné."
16 Manasyè wis matèni wong akèh
banget sing ora salah, mula ing
Yérusalèm getihé wong resik mau

kawutahaké ing saenggon-enggon. Kuwi
dosa sing dilakoni déning Manasyè,
kejaba enggoné njalari wong Yéhuda
gawé dosa marang Allah, merga
nyembah marang brahala.
17 Riwayaté Raja Manasyè liya-liyané
lan bab dosa-dosané kabèh wis katulis
ing Kitab Sejarahé Raja-raja Yéhuda.
18 Manasyè séda lan disarèkaké ing
petamanan kedhaton, yakuwi ing Uza,
Amon, putrané nggentosi dadi raja.
19 Nalika jumeneng raja ing Yérusalèm,
Amon yuswané rolikur taun. Asmané
ibuné Mesulèmèt, putrané Harus, wong
Yotba.
20 Ora béda karo ramané, Amon
nglampahi dosa ing ngarsané Pangéran.
21 Brahala-brahala sing disembah
déning ramané iya disembah.
22 Amon nyingkur[v] marang Pangéran,
Allah sesembahané para leluhuré, lan
nerak prenatan-prenatané Allah.
23 Para punggawané Raja Amon banjur
padha gawé komplotan nglawan Sang
Prabu. Raja Amon banjur disédani ing
kedhatoné.

---

[v]nyingkur: meninggalkan (bhs. Ind.).

24 Nanging wong-wong sing nyédani
mau gentèn dipatèni déning rakyat
Yéhuda ana ing kedhaton. Sawisé
mengkono rakyat banjur ngangkat Yosia,
putrané Amon, jumeneng raja nggentosi
ramané.
25 Riwayaté Amon liya-liyané wis katulis
ana ing Kitab Sejarahé Raja-raja Yéhuda.
26 Amon disarèkaké ana ing petamanan
Uza. Yosia, putrané, nggentosi jumeneng
raja.
22 1 Nalika Yosia jumeneng raja
ing Yéhuda yuswané wolung
taun. Dalemé ing Yérusalèm. Enggoné
jumeneng raja lawasé telung puluh siji
taun. Asmané ibuné Yedida, putrané
Adaya, saka Boskat.
2 Yosia nglampahi dhawuh lan gawé
renaning penggalihé Pangéran, manut
tuladhané Raja Dawud, sarta netepi
sakèhé dhawuhé Allah klawan éklas.
3 Raja Yosia kagungan sèkretaris
kedhaton, jenengé Safan bin Azalia,
bin Mesulam. Nalika Yosia enggoné
jumeneng raja nyandhak wolulas taun,
raja mau utusan sèkretarisé menyang
Pedalemané Allah, pangandikané,

4 "Nemonana Imam Agung Hilkia,
njaluka lapuran, pira dhuwit sing
diklumpukaké déning para imam saka
wong-wong sing mlebu ing Pedalemané
Allah.
5 Dhuwit mau konen mènèhaké marang
para mandhor sing ditugasaké ndandani
Pedalemané Allah. Dhuwit mau kanggo
mbayar opahé
6 para tukang kayu, para juru gawé
omah lan para tukang batu, sarta kanggo
tuku kayu lan watu sing dibutuhaké.
7 Wong-wong sing padha nindakaké
pegawéan mau padha jujur banget,
mula ora prelu gawé lapuran bab tanjané
dhuwit sing dipasrahaké."
8 Safan nglantaraké dhawuhé Sang
Prabu mau marang Imam Hilkia,
lan Imam Hilkia nuli gentèn lapur
yèn dhèwèké nemu Kitab Torèt ana
ing Pedalemané Allah. Imam Hilkia
ngulungaké Kitab mau, banjur diwaca
Safan.
9 Safan nuli sowan Sang Prabu menèh
lan ngaturi pirsa yèn dhuwit sing
dikersakaké Sang Prabu kuwi wis dijupuk

déning para punggawa sing kawogan[w]
lan wis dipasrahaké marang para
mandhor kanggo ndandani Pedalemané
Allah.
10 Safan banjur ngaturaké Kitab sing
ditampa saka Imam Hilkia karo matur,
"Menika Kitab saking Imam Hilkia." Kitab
mau banjur diwacakaké.
11 Bareng mireng surasané Kitab mau
Sang Prabu banjur nyuwèk agemané
merga saka sedhihé.
12 Nuli dhawuh marang Imam Hilkia,
Ahikam bin Safan, Akhor bin Mikha,
Safan sèkretarisé kedhaton, lan Asaya
punggawané kraton mengkéné,
13 "Nyuwuna pirsa marang Allah,
kanggo aku lan rakyat kabèh bab
surasané Kitab iki. Gusti Allah duka
marang kita merga leluhur kita ora
nglakoni prenatan-prenatan sing katulis
ing Kitab iki."
14 Wong-wong mau nuli padha nyuwun
pirsa marang nabi wadon sing asma
Hulda, dalemé ing kampung anyar
ing Yérusalèm. Garwané nabi wadon
mau asmané Salum bin Tikwa, wayahé

---

[w]sing kawogan: yang berkepentingan (bhs. Ind.).

Harhas. Salum kuwi sing ngurusi
sandhangan resmi sing dienggo
ing ibadah ing Pedalemané Allah.
Bareng Nabi Hulda mireng ketrangané
wong-wong mau,
15 banjur padha diutus sowan marang
Sang Prabu menèh, didhawuhi matur
mengkéné,
16 "Mekaten dhawuhipun Pangéran: Aku
bakal ngukum Yérusalèm lan penduduké
kabèh, kaya kang katulis ana ing Kitab
sing diwacakaké marang Yosia.
17 Umat Israèl wis nyingkur marang Aku
lan gawé kurban marang déwa-déwa.
Apa sing dilakoni kuwi kabèh gawé
duka-Ku. Aku duka marang Yérusalèm,
lan duka-Ku ora bakal sirep.
18 Nanging mungguh Yosia, Aku dhawuh
mengkéné, 'Kowé wis krungu apa sing
katulis ana ing Kitab kuwi.
19 Mulané kowé getun lan andhap-asor
ing ngarsa-Ku. Nalika krungu ancaman-
Ku, sandhanganmu koksuwèk lan kowé
nangis, nélakaké enggonmu sedhih,
merga Aku arep ngukum Yérusalèm lan
wong-wong sing manggon ing kono,
jalaran arep Dakdadèkaké sesawangan
sing nggegirisi, lan Yérusalèm bakal

Dakdadèkaké kutha sing kena ing
paukuman. Nanging pandongamu wis
Dakpiyarsakaké.
20 Mulané ukuman sing bakal dirasakaké
déning Yérusalèm ora bakal ditibakaké
selawasé kowé isih urip. Kowé bakal mati
klawan tentrem rahayu.’" Utusan-utusan
mau banjur padha bali sowan marang
Sang Prabu karo ngaturaké welingané
Nabi Hulda mau.

23

1 Raja Yosia banjur nimbali para
pemimpin ing tanah Yéhuda lan
ing Yérusalèm kabèh.
2 Bebarengan karo wong-wong mau
Raja Yosia tindak menyang Pedalemané
Allah, didhèrèkaké para imam, para nabi
lan rakyat kabèh, wong cilik dalah wong
gedhé. Jumeneng ana ing sacedhaké
cagak ing Pedalemané Allah kono, Sang
Prabu maos klawan swara sora ana ing
ngarepé wong-wong mau, surasané
Kitab Prejanjian sing lagi ketemu ana ing
Pedalemané Allah.
3 Sang Prabu nuli prejanji ing ngarsané
Allah, yèn bakal nglampahi klawan
tumemen sakèhing dhawuh lan
prenatan, sarta netepi sarat-saraté

prejanjiané Allah karo umaté sing
kasebut ana ing Kitab mau.
4 Sawisé mengkono Sang Prabu dhawuh
marang Imam Agung Hilkia, para
imam pembantu lan para pengawal
sing jaga ing lawanging Pedalemané
Allah, supaya sarupané piranti sing
dienggo nyembah brahala Baal, Dèwi
Asyéra lan lintang-lintang ditokaké saka
Pedalemané Allah. Barang-barang mau
banjur diobong déning Sang Prabu ing
sanjabané kutha, sacedhaké Lembah
Kidron, lan awuné digawa menyang
Bètèl.
5 Kejaba saka kuwi Sang Prabu iya
nglèrèni para imam sing diangkat
déning raja-raja Yéhuda, lan ditugasaké
ngimami ing mesbèhé déwa-déwa ing
kutha-kutha Yéhuda lan sakiwa-tengené
Yérusalèm. Uga imam-imam sing gawé
kurban marang Baal, déwa srengéngé,
rembulan lan lintang-lintang dilèrèni
kabèh.
6 Recané Dèwi Asyéra iya diwetokaké
saka Pedalemané Allah lan digawa
menyang sanjabané kutha, ing Lembah
Kidron. Ana ing kono reca mau diobong,

arengé diejur-ejur lan awuné dibuwang
ing kuburan umum.
7 Kamar-kamar ing Pedalemané Allah
panggonané pelacur kuil nglakoni
pelacuran kanggo ngladèni wong-wong
sing padha nyembah déwa, dirusak.
(Ana ing kamar kono wong-wong wadon
mau padha nenun sandhangan sing
dienggo ing pangibadah marang Dèwi
Asyéra.)
8 Imam-imam ing wilayah Yéhuda
diboyong kabèh menyang Yérusalèm;
saenggon-enggon sanegara kono,
sakèhé mesbèhé para déwa sing lumrahé
dienggo gawé kurban déning imam-
imam mau, dinajisaké. Imam-imam
mau ora kena ngladèni ing Pedalemané
Allah, nanging padha olèh mangan roti
tanpa ragi, sing dicawisaké kanggo
kanca-kancané. Mesbèh-mesbèh sing
disedhiyakaké kanggo Déwa Wedhus,
sacedhaké Gapura Yosua, penggedhéné
negara kono, dirubuhaké. Gapura mau
dunungé ana ing sisih kiwané gerbang
sing kanggo liwat wong-wong sing padha
mlebu kutha.
9 (23:8)

10 Tofèt, yakuwi panggonané nyembah
brahala Molokh, sing ana ing Lebak
Ben-Hinom, iya dinajisaké, supaya ora
dienggo déning wong sing ngurbanaké
anaké kanggo kurban obongan.
11 Kabèh jaran sing dienggo para raja
nyembah déwa Srengéngé, disingkiraké.
Kréta-kréta sing dienggo ing upacara
penyembahan brahala mau diobong.
(Kréta-kréta mau dipapanaké ana ing
pekarangané Pedalemané Allah, cedhak
gapura, ora adoh saka panggonané
Natan-Mèlèkh, pegawé sing dhuwur
pangkaté.)
12 Mesbèh-mesbèh sing diyasa déning
raja-raja Yéhuda ing payon tilas kamar-
kamaré Raja Akhas, dibubrah. Uga
mesbèh-mesbèh sing diyasa déning Raja
Manasyè ing plataranė Pedalemané Allah
karo pisan dibubrah, banjur dibuwang
menyang Lembah Kidron.
13 Uga mesbèh-mesbèh sing didegaké
ana ing sawétané kutha Yérusalèm,
sakidulé Gunung Duraka, dinajisaké.
Mesbèh-mesbèh kuwi biyèn sing yasa
Raja Suléman kanggo nyembah déwa-
déwa sing njijiki, kayata Dèwi Astorèt,
sesembahané wong Sidon, Déwa Kamos,

sesembahané bangsa Moab, lan Molokh
sesembahané bangsa Amon.
14 Tugu-tuguné déwa lan reca-recané
Dèwi Asyéra dirubuhaké, lan lemah tilas
panggonané tugu-tugu lan reca-reca
mau diurugi balunging wong.
15 Recané Dèwi Asyéra diobong lan
mesbèhé ing Bètèl dibubrah. Papan
panyembahan brahala kuwi biyèn
sing yasa Raja Yérobéam bin Nébat;
Yérobéam mau raja sing njalari wong
Israèl padha gawé dosa.
16 Nalika Yosia nolèh, pirsa ana kuburan
sawetara ing gunung. Kuburan-kuburan
mau didhawuhi mbongkar, lan balung-
balungé didhawuhi ngobong ing mesbèh
Bètèl. Mesbèh mau banjur digempur lan
watuné diejur-ejur. Mengkono patrapé
najisaké mesbèh, nganti kelakon apa
sing wis diweca sadurungé déning
nabining Allah, nalika Raja Yérobéam
mbeneri pésta, jumeneng ana ing
mesbèh mau. Sawisé mengkono Raja
Yosia pirsa ana kuburan siji menèh.
17 Nuli ndangu, "Iki kuburané sapa?"
Wong-wong ing Bètèl padha matur,
"Menika pesaréanipun abdining Allah.
Nalika semanten nabi wau rawuh mriki

saking tanah Yéhuda, lajeng meca
bab lelampahan ingkang samenika
panjenengan tindakaken bab mesbèh
ing Bètèl menika."
18 Dhawuhé Sang Prabu, "Kuburan kuwi
aja dikapak-kapakaké. Balung-balungé
karebèn ana ing kono waé, aja dielih!"
Mula balungé nabi saka Yéhuda mau
ora dikapak-kapakaké. Mengkono uga
balungé nabi sing saka Samaria dikubur
ana ing kono.
19 Ing saben kutha ing Israèl, Raja Yosia
nggempuri panggonan-panggonan sing
biyèn dienggo nyembah brahala déning
raja-raja Israèl, lan njalari dukané Gusti
Allah. Apa sing ditindakaké déning Raja
Yosia ing Bètèl, iya ditindakaké marang
mesbèh-mesbèh sanegara Israèl kabèh.
20 Kabèh imam sing ora nyembah
marang Allah padha dipatèni ana ing
mesbèh-mesbèh sing biyèn dilayani
imam-imam mau. Saben mesbèh
dienggo déning Yosia kanggo ngobong
balung-balungé wong mati. Sawisé
mengkono Raja Yosia banjur kondur
menyang Yérusalèm menèh.
21 Raja Yosia banjur dhawuh marang
rakyat supaya ngriayakaké Paskah,

kaya sing katulis ing Kitab Prejanjian. Srana mengkono umat mau mulyakaké Pangéran, Allahé.
22 Paskah sing mengkono mau durung tau ditindakaké, iya ing jamané Para Hakim, utawa ing jamané Para Raja.
23 Paskah mau diriayakaké ing Yérusalèm nalika Yosia enggoné jumeneng raja nyandhak wolulas taun.
24 Netepi prenatan-prenatan sing katulis ing Kitab sing ditemokaké déning Imam Agung Hilkia ing Pedalemané Allah, Raja Yosia banjur nglungakaké para préwangan lan para juru nujum kabèh, kadhawuhan metu saka Yérusalèm lan saka tanah Yéhuda. Mengkono uga ndhawuhi mbuwang sarupané déwa sing ana ing njero omah, brahala lan barang-barang sing dienggo piranti nyembah déwa-déwa.
25 Durung tau ana raja sing kaya Raja Yosia, sing enggoné ngabdi marang Allah klawan éklas temenan, sarta ngetingalaké pengabdiné mau ana ing sugengé lan pegawéané, cocog karo sing disebutaké ana ing Torèté Musa. Sapungkuré Raja Yosia, ora ana raja sing kaya panjenengané.

26 Éwasemono penggawéné Raja
Manasyè wis kadhung njalari Gusti Allah
duka banget marang Yéhuda; tekan
jaman Raja Yosia dukané mau durung
sirep.
27 Pangandikané Allah, "Penggawé-Ku
marang Israèl uga bakal Daktindakaké
marang Yéhuda. Wong Yéhuda
bakal Dakbuwang saka tanah sing
Dakparingaké marang dhèwèkné.
Yérusalèm, kutha sing Dakpilih, bakal
Daktampik. Semono uga Pedaleman iki,
sing Daksebut papan panggonan-Ku
disembah."
28 Raja Yosia disédani ing Megido
nalika methukaké perang Raja Néko,
saka tanah Mesir, sing nalika semono
nglurugi perang raja Asyur ana ing
pinggiring Bengawan Éfrat. Layoné
Raja Yosia dijupuk déning para abdiné,
banjur digawa mulih nganggo kréta
menyang Yérusalèm. Ana ing kana Yosia
disarèkaké ing pesaréané raja-raja.
Rakyat Yéhuda banjur milih Yoahas,
putrané Yosia, dijumenengaké raja,
nggentèni ramané. Riwayaté Yosia
liya-liyané wis katulis ing Kitab Sejarahé
Raja-raja Yéhuda.

29 (23:28)
30 (23:28)
31 Nalika jumeneng raja ing Yéhuda,
Yoahas yuswa telulikur taun. Dalemé
ing Yérusalèm. Lawasé jumeneng raja
telung sasi. Asmané ibuné Hamutal,
putrané Yérémia, saka kutha Libna.
32 Yoahas nglampahi dosa marang Allah
kaya para leluhuré.
33 Yoahas lèrèh nalika panjenenganè
ditawan Néko, raja Mesir, ing Riblah,
daérah Hamat. Yéhuda dipeksa mbayar
pajeg marang Néko 3.400 kilogram slaka
lan telung puluh papat kilogram emas.
34 Raja Néko banjur ngangkat Èlyakim,
putrané Yosia, dijumenengaké raja ing
Yéhuda. Asmané dielih déning Raja Néko
dadi Yoyakim. Yoahas diboyong Néko
menyang tanah Mesir, lan séda ana ing
kana.
35 Kanggo nyukupi tuntutané pajeg
raja Mesir, Yoyakim narik pajeg
marang rakyaté miturut kekuwatané
dhéwé-dhéwé.
36 Yoyakim nalika jumeneng raja ing
Yéhuda yuswané selawé taun. Dalemé
ing Yérusalèm. Suwéné jumeneng raja

sewelas taun. Asmané ibuné Zebuda,
putrané Pédaya, saka Ruma.
37 Yoyakim damel dosa ing ngarsané
Allah kaya leluhuré.

24 1 Nalika Yoyakim jumeneng
raja, Yéhuda ditelukaké déning
Nebukadnésar, raja Babil. Telung
taun lawasé Yoyakim dijajah déning
Nebukadnésar. Sawisé kuwi Yoyakim
banjur brontak.
2 Kaya sing dingandikakaké déning Allah
lantaran para nabiné, Allah nekakaké
grombolan sikep gegaman[x] saka Babil,
Siria, Moab lan Amon merangi Yoyakim
lan numpes Yéhuda.
3 Kuwi kabèh merga Gusti Allah wis
ngandika yèn bangsa Yéhuda bakal
dibuwang saka tanah sing diparingaké
marang bangsa mau. Enggoné dibuwang
mau merga saka dosané Raja Manasyè;
4 déné dosané sing gedhé dhéwé yakuwi
enggoné matèni wong akèh sing ora
salah. Yéhuwah ora kersa ngapura.
5 Kabèh daérah wiwit saka Bengawan
Éfrat tekan tapel watesé Mesir sing
sisih Lor lan klebu daérahé raja Mesir,
dijajah déning raja Babil. Mulané raja

---

[x]sikep gegaman: bersenjata (bhs. Ind.).

Mesir ora tau nglurug perang menèh. Riwayaté Raja Yoyakim liya-liyané wis katulis ing Kitab Sejarahé Raja-raja Yéhuda. Sawisé Yoyakim séda, Yoyakhin, putrané, nggentosi jumeneng raja.

6 (24:5)

7 (24:5)

8 Nalika jumeneng raja ing Yéhuda, Yoyakhin yuswa wolulas taun. Dalemé ing Yérusalèm. Suwéné jumeneng raja telung sasi. Asmané ibuné Néhusta, putrané Èlnatan saka Yérusalèm.

9 Ora béda karo ramané, Yoyakhin uga damel dosa ing ngarsané Allah.

10 Nalikané Yoyakhin jumeneng raja, Yéhuda dilurugi perang déning tentara Babil, sing dipimpin déning perwira-perwirané Nebukadnésar. Kutha Yérusalèm nuli dikepung.

11 Nalika kuthané dikepung, Nebukadnésar rawuh ing Yérusalèm.

12 Raja Yoyakhin nyerah marang Nebukadnésar, bebarengan karo ibuné, putra-putrané, sarta pegawé-pegawé kedhaton kabèh. Yoyakhin banjur ditawan; yakuwi nalika pepréntahané Nebukadnésar nyandhak wolung tauné.

13 Sakèhé bekakas emas yasané Raja
Suléman kanggo Pedalemané Allah
dirusak déning Nebukadnésar, lan kabèh
barang sing larang regané, sing ketemu
ing Pedalemané Allah lan ing kedhaton,
diangkut déning Nebukadnésar menyang
Babil. Kedadéan kuwi pancèn wis
dingandikakaké déning Allah piyambak.
14 Raja Yoyakhin, para garwané, ibuné
lan para pegawéné kedhaton kabèh
ditawan déning Nebukadnésar, digawa
menyang Babil. Cacahé wong sing
ditawan lan digawa menyang Babil mau
luwih saka sepuluh èwu, yakuwi para
pemimpin 7.000, wong-wong sing duwé
keahlian 1.000, klebu uga pandhé,
lan kabèh wong sing ahli perang.
Wong kabèh mau diboyong menyang
pembuwangan, klebu para bangsawan
lan para pengareping masarakat. Mèh
kabèh pendudhuké kutha Yérusalèm
diboyong. Sing kari mung rakyat sing
mlarat banget.
15 (24:14)
16 (24:14)
17 Nebukadnésar banjur ngangkat
Matanya, pamané Yoyakhin,

dijumenengaké raja Yéhuda. Asmané
dielih dadi Zedekia.
18 Nalika jumeneng raja Yéhuda,
Zedekia yuswané selikur taun. Dalemé
ing Yérusalèm. Suwéné jumeneng raja
sewelas taun. Ibuné asma Hamutal,
putrané Yérémia saka kutha Libna.
19 Raja Zedekia damel dosa ing
ngarsané Pangéran, kaya Yoyakhin.
20 Gusti Allah duka banget marang
rakyat Yérusalèm lan wong Yéhuda, mula
wong-wong mau padha ditégakaké.

25

1 Sawisé mengkono Zedekia
mbrontak marang Nebukadnésar,
raja Babil. Mulané nalika tanggal
sepuluh, sasi ping sepuluh, taun ping
sanganė Zedekia jumeneng raja,
Nebukadnésar karo tentarané kabèh
budhal nyerang Yérusalèm. Banjur
padha pasang kémah ana ing sanjabané
kutha Yérusalèm, lan ngedegaké témbok
ngubengi kutha mau.
2 Enggoné ngepung nganti taun ping
sewelasé pepréntahané Zedekia.
3 Ing taun kuwi tanggal sanga, sasi
ping pat, rakyat wis ora duwé pangan
babar-pisan.

4 Dhèk semana mungsuh mbedhah
témboké kutha. Benginé, senajan
kuthané wis dikepung déning mungsuh,
Sang Prabu lan tentara Yéhuda lolos,
mlayu menyang Lebak Yardèn. Enggoné
metu liwat gapura ing selané témbok
loro cedhak ing petamananané Sang Raja.
5 Nanging Raja Zedekia dioyak lan
dicekel tentara Babil ana ing ledhokan
Yérikho. Raja Zedekia ditinggal déning
tentarané kabèh,
6 banjur digawa déning tentara Babil ing
ngarsané Raja Nebukadnésar ing kutha
Riblah, lan diukum.
7 Putra-putrané padha disédani ana ing
kono. Sawisé mengkono, Raja Zedekia
tingalé dicukil, banjur diblenggu digawa
menyang Babil.
8 Nalika tanggal pitu, sasi lima, taun
sangalasé pepréntahané Nebukadnésar
ing Babil, Nebuzaradan penaséhat lan
panglimané Raja Nebukadnésar teka ing
Yérusalèm.
9 Pedalemané Allah nuli diobong déning
Nebuzaradan, mengkono uga kedhatoné,
lan omah-omahé para pengarepé
masarakat ing Yérusalèm.

10 Tentarané Nebuzaradan nggempur
témbok-témboké kutha. Sawisé
mengkono wong kabèh sing isih kari ing
Yérusalèm banjur diboyong menyang
Babil, yakuwi para tukang ahli sing isih
kari, malah uga wong sing wis padha
mèlu dadi balané wong Babil.
11 (25:10)
12 Nanging isih ana wong sawetara sing
miskin banget; wong-wong kuwi olèh
tetep manggon ing kono, dikon nggarap
kebon anggur lan pategalan.
13 Tugu-tugu prunggu lan kréta-kréta
sing ana ing Pedalemané Allah, semono
uga bak prunggu, kabèh diremuk déning
wong Babil, nuli prungguné digawa
menyang negarané.
14 Barang-barang liyané sing digawa
kayata piranti sorok, wadhah awu
mesbèh, bekakas-bekakasé lampu,
panci-panci wadhah getihé kéwan sing
disembelèh kanggo kurban, piranti-
piranti sing kanggo ngobong menyan
lan barang-barang prunggu liyané sing
kanggo ngibadah, barang mas-masan
lan slaka, klebu uga panci-panci
liyané lan anglo, sing diboyong déning
Nebuzaradan.

15 (25:14)
16 Barang-barang prunggu, yasané Sang Prabu Suléman kanggo Pedalemané Allah, yakuwi tugu prunggu loro, kréta-kréta lan bak gedhé, sing saka aboté nganti ora kena ditimbang.
17 Tugu prunggu mau gedhéné padha; siji-sijiné dhuwuré wolung mèter. Ing ndhuwuré tugu ana jembangan, sing dhuwuré 1,3 mèter. Jembangan mau diubengi nam-naman sing dihias nganggo rerékan woh dlima saka prunggu.
18 Kejaba saka kuwi Imam Agung Seraya iya ditawan déning Nebuzaradan, semono uga Séfanya, imam pembantu, wong telu sing njaga lawangé Pedalemané Allah,
19 wong lima sing dadi penaséhat pribadiné Sang Prabu, sing isih padha ana ing kutha; panglima, wakil panglima sing ngurus administrasiné tentara lan penggedhé liyané sewidak.
20 Wong-wong mau kabèh sawusé ditangkep déning Nebuzaradan banjur digawa menyang ngarsané Raja Nebukadnésar, ing kutha Riblah,

21 daérah Hamat. Ana ing kana wong-
wong mau dipecuti, banjur dipatèni.
Mengkono carané wong-wong Yéhuda
olèhé diboyong saka negarané menyang
tanah pembuwangan.
22 Sawisé mengkono Raja Nebukadnésar
ngangkat Gedalya bin Ahikam, bin Safan,
dadi gubernur ing Yéhuda, mréntah
wong-wong sing isih padha ana ing kana.
23 Nalika para perwira lan prejurit
Yéhuda sing durung padha nyerah
marang Babil, krungu bab pengangkatan
mau, banjur padha nemoni Gedalya ing
Mizpa. Perwira-perwira mau yakuwi:
Ismaèl bin Nétanya, Yohanan bin Karéah,
Seraya bin Tanhunèt saka kutha Netofa,
lan Yézanya saka kutha Maaka.
24 Gedalya ngandhani wong-wong mau
mengkéné, "Kowé ora susah wedi karo
para punggawané raja Babil. Manggona
ing negara kita kéné lan dadia kawulané
raja Babil. Keslametanmu aku sing
nanggung."
25 Nanging bareng sasi kapitu taun
kuwi Ismaèl bin Nétanya lan putuné
Élisama, sing isih turuné raja, budhal
menyang Mizpa, nggawa kanca sepuluh,
wong-wong mau padha nyerang lan

matèni Gedalya, sarta wong Yéhuda lan
wong Babil sing mèlu Gedalya.
26 Rakyat Yéhuda kabèh, gedhé cilik,
karo para perwira kabèh banjur padha
mlayu menyang tanah Mesir, merga wedi
karo wong Babil.
27 Nalika tanggal pitulikur, sasi rolas,
taun ping telung puluh pitu sapungkuré
Yoyakhin kaboyong ing pembuwangan,
Éwil-Merodakh jumeneng raja ing Babil.
Ing taun kuwi uga Sang Prabu tuwuh
welasé marang Yoyakhin. Yoyakhin
banjur diluwari saka pakunjaran,
28 sarta direngkuh[y] klawan becik.
Yoyakhin diparingi pangkat luwih dhuwur
ketimbang karo raja-raja liyané sing
dibuwang ana ing Babil.
29 Yoyakhin wis ora nganggo
sandhangan tawanan menèh. Dhaharé
ana ing kedhaton lan diparingi dhuwit
kanggo nyukupi kebutuhané.
30 (25:29)

---

[y]direngkuh: diperlakukan (bhs. Ind.).

1 Tawarikh

1 [1] Sarasilahé bangsa Israèl saka Adam
tekan Nuh kuwi mengkéné: Adam,
Sèt, Énos, Kénan, Mahalaléèl, Yarèd,
Hénokh, Metusalah, Lamèkh, Nuh. Nuh
duwé anak lanang telu, yakuwi Sèm,
Kham lan Yafèt.
[2] (1:1)
[3] (1:1)
[4] (1:1)
[5] Anak-anaké lanang Yafèt yakuwi:
Gomèr, Magog, Madai, Yawan, Tubal,
Mèsèkh lan Tiras.
[6] Anak-anaké Gomèr yakuwi bangsa
Askenas, Difat lan Togarma.
[7] Anak-anaké Yawan yakuwi bangsa-
bangsa: Élisa, Spanyol, Siprus lan
Rodhès.
[8] Anak-anaké lanang Kham: Kus, Mesir,
Libia lan Kenaan.
[9] Anak-turuné Kus yakuwi bangsa-
bangsa Séba, Hawila, Sabta, Raéma lan
Sabteka. Anak-turuné Raéma yakuwi
bangsa Syéba lan bangsa Dhedhan.

10 (Kus duwé anak lanang jeneng
Nimrod, wong gagah prakosa kawitan
ing jagad.)
11 Anak-turuné Mesir yakuwi bangsa
Lidhia, Anamim, Lehabim, Naftukhim,
12 Patrusim, Kaslukhim lan bangsa
Kréta (sing nurunaké bangsa Filistin).
13 Kenaan duwé anak lanang loro:
Sidon, sing mbarep, lan Hèt.
14 Kenaan kuwi iya leluhuré bangsa
Yébus, Amori, Girgasi,
15 Hèwi, Arki, Sini,
16 Arwadi, Semari lan Hamati.
17 Anak-anaké lanang Sèm yakuwi
Élam, Asyur, Arpakhsad, Lud, Aram, Us,
Hul, Gètèr lan Mèsèkh.
18 Arpakhsad anak-anak Sélah, lan
Sélah anak-anak Ébèr.
19 Ébèr duwé anak lanang loro; sing
mbarep jenengé Pèlèg,[a] merga nalika
semono bangsa-bangsa ing bumi
dibagi-bagi. Sing kapindho jenengé
Yoktan.
20 Anak-turuné Yoktan yakuwi bangsa-
bangsa: Almodad, Sèlèf, Hazar-Mawèt,
Yérah,

---

[a] Pèlèg tegesipun: Kapérang-pérang (kabagé-bagé).

21 Hadoram, Uzal, Diklah,
22 Ébal, Abimaèl, Syéba,
23 Ofir, Hawila lan Yobab.
24 Sarasilah leluhuré bangsa Israèl saka
Sèm tekan Abraham kuwi mengkéné:
Arpakhsad, Sélah, Ébèr, Pèlèg, Réhu,
Sérug, Nahor, Térah, Abram yakuwi
Abraham.
25 (1:24)
26 (1:24)
27 (1:24)
28 Abraham duwé anak lanang loro,
yakuwi Iskak lan Ismaèl.
29 Anak-anaké Ismaèl yakuwi: sing
mbarep Nébayot, banjur Kédar, Abdéèl,
Mibsam,
30 Misma, Dhuma, Masa, Hadad, Téma,
31 Yétur, Nafisy lan Kèdma.
32 Abraham duwé selir jenengé Ketura.
Ketura duwé anak lanang nem, yakuwi:
Zimran, Yoksan, Médan, Midian, Isbak
lan Suah. Yoksan duwé anak lanang loro,
yakuwi Syéba lan Dhedhan.
33 Midian duwé anak lanang lima,
yakuwi: Éfa, Ébèr, Hanok, Abida lan
Èldaa.
34 Iskak anaké Abraham duwé anak
lanang loro, yakuwi Ésau lan Yakub.

35 Anak-anaké lanang Ésau: Élifas,
Rehuèl, Yéus, Yaélam lan Korah.
36 Élifas kuwi leluhuré bangsa Téman,
Omar, Zefi, Gaétam, Kénas, Timna lan
Amalèk,
37 Rehuèl leluhuré bangsa-bangsa:
Nahat, Zérah, Syama lan Miza.
38 Bangsa asli sing manggon ing tanah
Édom kuwi tedhak-turuné Séir, yakuwi:
Lotan, Syobal, Zibéon, Ana, Disyon, Èzèr
lan Disyan. Anak-anaké lanang Lotan:
Hori lan Homan. Lotan duwé sedulur
wadon jenengé Timna. Anak-anaké
lanang Syobal yakuwi: Alyan, Manahat,
Ébal, Syefi lan Onam. Anak-anaké lanang
Zibéon: Aya lan Ana. Ana duwé anak
lanang: Disyon lan Disyon anak-anak:
Hamran, Èsban, Yitran lan Kéran.
Anak-anaké lanang Èzèr yakuwi: Bilhan,
Zaawan lan Yaakan. Anak-anaké lanang
Disyan yaiku Us lan Aran.
39 (1:38)
40 (1:38)
41 (1:38)
42 (1:38)
43 Sadurungé Israèl duwé raja, tanah
Édom wis dirèh déning raja-raja, yakuwi:
Béla anaké Béor saka Dinhaba, Yobab

anaké Zérah saka Bozra, Husyam saka
tanah Téman, Hadad bin Bedad saka
Awit (kuwi sing nelukaké wong Midian ing
peprangan ing tanah Moab). Samla saka
Masréka, Saul saka Réhobot sapinggiré
kali, Baalhanan bin Akhbor, Hadad saka
Pahu (bojoné jenengé Méhétabéèl binti
Matred bin Mézahab).
44 (1:43)
45 (1:43)
46 (1:43)
47 (1:43)
48 (1:43)
49 (1:43)
50 (1:43)
51 Bangsa Édom kuwi kedadéané saka
klompok-klompok Timna, Alyah, Yètèt.
52 Oholibama, Éla, Pinon,
53 Kénas, Téman, Mibzar,
54 Magdhièl lan Iram.

2 1 Anak-anaké Yakub sing lanang ana
rolas, yakuwi: Rubèn, Siméon, Lèwi,
Yéhuda, Isakar, Zébulon,
2 Dhan, Yusuf, Bènyamin, Naftali, Gad,
Asyèr.
3 Yéhuda duwé anak lanang lima. Sing
lair saka bojoné sing jeneng Bèt-Syua,
wong Kenaan, yakuwi: Èr, Onan lan Séla;

sing lair saka bojoné, sing jeneng Tamar
(anaké mantu Yéhuda dhéwé), yakuwi
Pèrès lan Zérah. Èr, anak sing mbarep,
uripé ala banget, mulané dipatèni déning
Allah.
4 (2:3)
5 Pèrès duwé anak lanang loro: Hézron
lan Hamul.
6 Zérah duwé anak lanang lima, yakuwi:
Zimri, Étan, Héman, Kalkol lan Dhara.
7 Akhar[b] bin Karmi, turuné Zérah,
nekakaké kasangsaran marang umat
Israèl, jalaran njupuk barang rampasan
perang, sing kasaosaké marang Allah.
8 Anaké lanang Étan jenengé Azarya.
9 Anak-anaké Hézron yakuwi:
Yérahmeèl, Ram lan Kalèb.
10 Sarasilahé Ram tekan Isai kuwi
mengkéné: Ram, Aminadab, Nahason
(klebu wong gedhé ing klompok Yéhuda)
11 Salmon Boas
12 Obèd Isai.
13 Isai duwé anak lanang pitu. Jenengé
urut tuwa mengkéné: Éliab, Abinadab,
Syama,
14 Nétanéèl, Radai,

---

[b]Akhar: Musibah. Ing Yosua 7:1 dipun sebut Akhan.

15 Ozèm, Dawud.
16 Isai uga duwé anak-anak wadon,
yakuwi: Zeruya lan Abigail.
17 Abigail kawin karo Yètèr, turuné
Ismaèl. Duwé anak lanang siji, jenengé
Amasa.
18 Kalèb bin Hézron kawin karo Azuba,
duwé anak wadon jenengé Yeriot. Yeriot
duwé anak lanang telu, yakuwi: Yèsèr,
Sobab lan Ardon.
19 Bareng Azuba mati, Kalèb nuli kawin
karo Éfrat lan olèh anak lanang jenengé
Hur.
20 Anaké lanang Hur jenengé Uri, lan
putuné jenengé Bézaleèl.
21 Nalika Hézron umur sewidak taun,
kawin karo seduluré wadon Giléad bin
Makhir. Duwé anak lanang jenengé
Segub,
22 anaké lanang Segub jenengé Yair,
sing mréntah kutha telulikur ing wilayah
Giléad.
23 Nanging raja Gésur lan Aram
nelukaké kutha sewidak ing wilayah
kono, klebu kutha Yair lan Kénat, lan
désa-désa ing sakiwa-tengené. Wong
kabèh sing manggon ing kono kuwi
anak-turuné Makhir lan Giléad.

24 Bareng Hézron mati, Kalèb, anaké,
kawin karo Éfrat, randhané bapakné.
Banjur duwé anak, sing mbarep jenengé
Asyur; kuwi sing ngedegaké kutha
Tekoa.
25 Yérahmeèl, anaké Hézron sing
mbarep, duwé anak lanang lima, yakuwi:
Ram, pembarep, nuli Buna, Orèn, Ozèm
lan Ahia.
26 Ram duwé anak lanang telu: Maas,
Yamin lan Èkèr. Yérahmeèl duwé bojo
liyané, jenengé Atara. Olèh anak lanang
jenengé Onam.
27 (2:26)
28 Onam duwé anak lanang loro,
jenengé: Samai lan Yada. Samai duwé
anak lanang loro, jenengé Nadab lan
Abisur.
29 Abisur kawin karo Abihail, lan duwé
anak lanang loro, yakuwi: Akhban lan
Molid.
30 Nadab kakangné Abisur iya duwé
anak lanang loro, jenengé: Sèlèd lan
Apaim, nanging Sèlèd mati ora ninggal
anak lanang.
31 Apaim duwé anak jenengé Yisèi, lan
Yisèi duwé anak Sésan. Sésan duwé
anak Ahlai.

32 Yada, seduluré Samai duwé anak
lanang loro, jenengé Yètèr karo Yonatan.
Nanging Yètèr mati tanpa ninggal anak
lanang.
33 Yonatan duwé anak lanang loro,
yakuwi: Pèlèt lan Zaza. Kuwi kabèh
anak-turuné Yérahmeèl.
34 Sésan ora duwé anak lanang, anaké
mung wadon-wadon. Sésan duwé batur
wong Mesir, jenengé Yarha.
35 Yarha mau diolèhaké salah sijiné
anaké. Yarha duwé anak lanang, jenengé
Atai.
36 Anak-turuné Atai tekan Élisama kuwi
mengkéné: Atai, Natan, Zabad
37 Èflal, Obèd
38 Yéhu, Azarya
39 Hèlès, Élasa
40 Sismai, Salum
41 Yekamya, Élisama.
42 Kalèb, seduluré Yérahmeèl, duwé
anak lanang mbarep, jenengé Mésa.
Mésa kuwi nurunaké Zif. Zif nurunaké
Marésya, Marésya nurunaké Hébron.
43 Hébron duwé anak lanang papat,
yakuwi: Korah, Tapuah, Rèkèm lan
Séma.

44 Séma nurunaké Raham. Putrané
Séma jenengé Yorkeam, Rèkèm,
seduluré Séma, nurunaké Samai;
45 Samai nurunaké Maon, lan Maon
nurunaké Bètzur.
46 Kalèb duwé selir, jenengé Éfa. Éfa
nglairaké anak lanang telu, jenengé
Haran, Moza lan Gazès. Haran uga duwé
anak lanang sing jeneng Gazès.
47 (Ana wong jeneng Yohdai, duwé anak
lanang nem, yakuwi Règèm, Yotam,
Gésan, Pèlèt, Éfa lan Saaf.)
48 Kalèb duwé selir liyané menèh,
jenengé Maaka. Karo Maaka, Kalèb duwé
anak lanang loro: Sèbèr lan Tirhana;
49 banjur duwé anak lanang menèh
loro, jenengé: Saaf lan Séwa. Saaf kuwi
sing ngedegaké kutha Madmana, lan
Séwa sing ngedegaké kutha Makbéna
lan Gibéa. Kalèb uga duwé anak wadon,
jenengé Akhsa.
50 Kejaba kuwi Kalèb isih duwé anak-
turun mengkéné: Hur kuwi anaké Kalèb
karo bojoné sing jeneng Éfrat. Syobal
anaké Hur mau sing ngedegaké kutha
Kiryat-Yéarim.
51 Salma, anaké sing nomer loro, kuwi
sing ngedegaké kutha Bètgadèr.

52 Syobal, sing ngedegaké kutha Kiryat-
Yéarim, kuwi leluhuré wong Haroè,
separoné wong-wong sing manggon ing
kutha Menuhot,
53 sarta gotrah-gotrah sing padha
manggon ing Kiryat-Yéarim, yakuwi
kaum Yétri, Puti, Sumati lan Misrai.
(Wong-wong sing padha manggon ing
Èstaol kuwi anak-turuné gotrah-gotrah
mau.)
54 Salma sing ngedegaké kutha
Bètléhèm mau leluhuré wong Netofa,
wong Atarot Bètyoab lan wong Zori,
salah sijiné gotrah loro sing manggon
ing Manahti.
55 Ing kutha Yabès ana wong-wong ahli
nulis layang-layang penting. Asalé saka
gotrah Tirati, Simati lan Sukhati. Kuwi
wong-wong Kèni sing kawin karo wong
Rékhab.

3 1 Para putrané Raja Dawud sing
lair ing Hébron yakuwi: Amnon-
jenengé ibuné Ahinoam, wong Yésreèl,
;Dhanièl-jenengé ibuné Abigail, wong
Karmèl,;Absalom-jenengé ibuné Maaka,
anaké Talmai, raja Gésur, ;Adoniram-
jenengé ibuné Hagit, ;Séfaca-jenengé

ibuné Abital, ;Yitréam-jenengé ibuné
Égla.
2 (3:1)
3 (3:1)
4 Putra-putrané Dawud nem mau kabèh
lair ing Hébron, nalika Dawud dadi raja
ing kono pitu setengah taun. Raja Dawud
dadi raja Yérusalèm telung puluh telu
taun.
5 Saka garwa sing asmané Bètsyéba
binti Amièl, Dawud olèh putra papat,
sing lair ing Yérusalèm, yakuwi: Siméa,
Sobab, Natan lan Suléman.
6 Kejaba kuwi Dawud isih kagungan
putra liyané sanga, yakuwi: Yibhar,
Èlisua, Èlifèlèt,
7 Nogah, Nèfèg, Yafia,
8 Élisama, Èlyada lan Èlifèlèt.
9 Isih ana menèh putra-putra saka para
selir. Dawud uga kagungan putra putri,
jenengé Tamar.
10 Sarasilahé raja-raja Israèl saka
Raja Suléman tekan Raja Yosia kuwi
mengkéné: Suléman, Réhabéam, Abia,
Asa, Yosafat, Yoram, Ahazia, Yoas,
Amazia, Uzia, Yotam, Akhas, Manasyè,
Amon, lan Yosia.
11 (3:10)

12 (3:10)
13 (3:10)
14 (3:10)
15 Yosia duwé anak lanang papat,
yakuwi: Yohanan, Yoyakim, Zedekia lan
Yoahas.
16 Yoyakim duwé anak lanang loro,
jenengé Yoyakhin lan Zedekia.
17 Anak-turuné Raja Yoyakhin, sing
ditawan déning wong Babil yakuwi: anak
lanang pitu: Séaltièl,
18 Malkhiram, Pédaya, Syènazar,
Yekamya, Hosama lan Nedabya.
19 Pédaya duwé anak lanang loro:
Zérubabel lan Simèi. Zérubabel duwé
anak lanang loro, jenengé Mesulam lan
Hananya, lan anak wadon siji jenengé
Sélomit.
20 Isih ana anaké lanang lima menèh,
yakuwi Hasuba, Ohèl, Bèrékia, Hasaja
lan Yusab-Hèsèd.
21 Hananya duwé anak lanang loro:
Pélaca lan Yésaya. Yésaya nurunaké
Réfaya, Réfaya nurunaké Arnan, Arnan
nurunaké Obaja, Obaja nurunaké
Sekhanya.
22 Sekhanya duwé anak lanang jenengé
Semaya, lan Semaya duwé anak lanang

lima, yakuwi: Hatus, Yigal, Bariah.
Néaria lan Safat.
23 Néaria duwé anak lanang telu,
yakuwi: Èlyoénai, Hizkia, lan Azrikam.
24 Èlyoénai duwé anak lanang pitu,
yakuwi: Hodawia, Èlyasib, Pelaya, Akub,
Yohanan, Délaya lan Anani.

4 1 Anak-turuné Yéhuda kayata: Pèrès,
Hézron, Karmi, Hur lan Syobal.
2 Syobal nurunaké Réaya; Réaya
nurunaké Yahat. Yahat duwé anak
lanang loro: Ahumai lan Lahad; dadi
para leluhuré wong sing padha manggon
ing kutha Zora.
3 Anaké lanang Kalèb karo bojoné sing
jeneng Éfrat sing mbarep jenengé Hur.
Anak-turuné Hur kuwi sing ngedegaké
kutha Bètléhèm. Hur uga nurunaké
Étam, Pnuèl lan Èzèr. Étam duwé anak
lanang telu, yakuwi: Yésreèl, Isma lan
Idbas lan anak wadon siji, jenengé
Hazelèlponi. Pnuèl kuwi sing ngedegaké
Gedor lan Èzèr uga ngedegaké kutha
Husa.
4 (4:3)
5 Asyur sing ngedegaké kutha Tekoa
kuwi bojoné loro: Héla lan Naarah.

6 Naarah nglairaké anak lanang papat:
Ahuzam, Hèfèr, Témeni lan Akhastari.
7 Héla nglairaké anak lanang telu,
yakuwi: Zèrèt, Yezohar lan Ètnan.
8 Kos duwé anak lanang loro: Anub lan
Hazoba. Kos dadi leluhuré trah Aharhèl,
anaké Harum.
9 Ana wong lanang jenengé Yabès,[c]
sing luwih diurmati ketimbang karo
sedulur-seduluré. Enggoné dijenengaké
mengkono déning ibuné, merga nalika
lairé, ibuné nandhang sangsara.
10 Yabès mau ndedonga marang Allah,
sesembahané wong Israèl, aturé,
"Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
berkahi, lan wilayah kawula mugi
Paduka jembaraken, supados kawula
mboten nandhang sangsara." Gusti Allah
miyarsakaké pandongané.
11 Kelub, seduluré Suha, duwé anak
lanang, jenengé Mehir. Mehir nurunaké
Èston,
12 lan Èston duwé anak lanang telu,
yakuwi: Bètrafa, Paséah lan Téhina.
Téhina kuwi sing ngedegaké kutha
Nahas. Anak-turuné wong-wong mau
manggon ing kutha Rékha.

---

[c]Yabès: sangsara.

13 Kénas duwé anak lanang loro: Otnièl
lan Seraya. Otnièl uga duwé anak lanang
loro, Hatat lan Meonotai.
14 Meonotai nurunaké Ofra. Seraya
nurunaké Yoab, sing ngedegaké kutha
Lebak Kriya. Para tukang ahli padha
manggon ing kutha kono.
15 Kalèb bin Yéfuné duwé anak lanang
telu: Iru, Éla lan Naam. Anaké Éla
jenengé Kénas.
16 Yehaléleèl duwé anak lanang papat:
Zif, Zifa, Tireya lan Asareèl.
17 Ézra duwé anak lanang papat: Yètèr,
Mèrèd, Èfèr lan Yalon. Mèrèd kawin
karo Bica, anaké raja Mesir. Duwé anak
wadon jenengé Miryam, lan anak lanang
loro, jenengé Samai lan Yisba. Yisba
kuwi sing ngedegaké kutha Èstemoa.
Mèrèd uga kawin karo wong wadon
saka Yéhuda; duwé anak lanang telu:
Yèrèd, sing ngedegaké kutha Gedor;
Hèbèr, sing ngedegaké kutha Sokho, lan
Yekutièl, sing ngedegaké kutha Zanoah.
18 (4:17)
19 Hodia kawin karo seduluré wadon
Naham. Anak-anaké padha dadi leluhuré
gotrah Garmi lan kaum Maaka. Kaum

Garmi padha manggon ing kutha Kéhila,
lan kaum Maaka ing kutha Èstemoa.
20 Simon duwé anak lanang papat:
Amnon, Rina, Bènhanan lan Tilon.
Yisèi duwé anak lanang loro: Zohèt lan
Bèn-Zohèt.
21 Anaké Yéhuda ana sing jeneng
Séla. Anak-turuné Séla yakuwi: Èr,
sing ngedegaké kutha Léka, Lada, sing
ngedegaké kutha Marésya. Para tukang
tenun kain léna ing kutha Bèt-Asibéa,
Yokim lan wong-wong sing padha
manggon ing kutha Kozéba, Yoas lan
Saraf, sing kawin karo wong-wong
wadon saka Moab, lan manggon ing
Bètléhèm. Daftar iki diturun saka daftar
kuna.
22 (4:21)
23 Wong-wong mau padha gawé kendhi
lan jembangan kanggo raja-raja lan
manggoné ana ing kutha Nétaim lan
Gedéra.
24 Siméon duwé anak lanang lima:
Nemuèl, Yamin, Yarib, Zérah lan Saul.
25 Saul nurunaké Salum; Salum
nurunaké Mibsam, lan Mibsam nurunaké
Misma.

26 Misma nurunaké Siméon, Siméon
nurunaké Hamuèl, Hamuèl nurunaké
Zakur, lan Zakur nurunaké Simèi.
27 Simèi duwé anak rolikur, lanang
nembelas lan wadon nenem. Nanging
sedulur-seduluré Simèi anaké mung
sethithik. Anak-turuné Siméon akèhé ora
kaya anak-turuné Yéhuda.
28 Nalika Dawud dadi raja, anak-turuné
Siméon manggon ing kutha-kutha
kasebut ing ngisor iki: Bèrsyéba, Molada,
Hazar-Sual,
29 Bilha, Èzèm, Tolad,
30 Bétuèl, Horma, Ziklag,
31 Bèt-Hamarkabot, Hazar-Susim,
Bèt-Biri lan Saaraim.
32 Salong ana sing manggon ing
kutha-kutha liya, kayata: Étam, Ain,
Rimon, Tokhèn lan Asan,
33 lan ing kampung-kampung sakiwa-
tengené kutha-kutha mau nganti tekan
kutha Baal, daérah sing keprenah
Kidul-kulon. Kaya mengkono cathetan
bab anak-turuné Siméon, sarasilah lan
papan padunungané.
34 Jeneng-jenengé penggedhéné
gotrah-gotrah anak-turuné Siméon
yakuwi: Mésobab, Yamlèk, Yosa bin

Amazia, Yoèl, Yéhu bin Yosibia (Yosibya
kuwi anaké Seraya, putuné Asièl)
Èlyoénai, Yaakoba, Yesohaya, Asaya,
Adièl, Yesimièl, Benaya, Ziza bin Sifèi
(garis sarasilahé Sifèi munggah yakuwi:
Alon, Yédaya, Simri, Semaya). Sarèhné
kulawarga-kulawarga mau saya suwé
saya akèh,
35 (4:34)
36 (4:34)
37 (4:34)
38 (4:34)
39 mulané banjur padha sumebar
mengulon nganti tekan kutha Gedor.
Wong asli sing manggon ing kono mau
wong-wong Kham, sing uripé ayem lan
tentrem. Para kulawargané klompok
Siméon mau nemu panggonan sing
subur lan jembar banget ing sawétané
Gedor. Mulané banjur padha angon
raja-kayané ana ing kono.
40 (4:39)
41 Nalika jamané Hizkia dadi raja ing
Yéhuda anak-turuné Siméon kuwi tau
nyerang kutha Gedor. Kémah-kémah
lan omah-omah dirusak lan wong-wong
sing manggon ing kono ditundhungi.
Anak-turuné Siméon mau banjur padha

manggon ing kono, merga pangonané
amba kanggo raja-kayané.
42 Anak-anaké Yisèi yakuwi Palaca,
Néaria, Réfaya lan Uzièl ngirid anak-
turuné Siméon liyané ngalih menyang
Édom sisih Wétan.
43 Wong Amalèk sing isih kari padha
dipatèni; banjur padha manggon ana ing
kana nganti sepréné.

5 1 Anak-turuné Rubèn, pembarepé
Yakub, yakuwi: (Sarèhné Rubèn
kuwi wis gawé wirangé seliré bapakné,
mulané wewenangé pembarep
diwènèhaké marang Yusuf.
2 Éwasemono saka antarané anaké
Yakub kabèh, sing monjo dhéwé taler
Yéhuda, lan para raja sing ngerèh
bangsa Israèl, lairé saka taler mau.)
3 Rubèn, anaké Yakub sing mbarep kuwi
duwé anak lanang papat: Hénokh, Palu,
Hézron lan Karmi.
4 Urut-urutané anak-turuné Yoèl kuwi
mengkéné: Semaya, Gog, Simèi, Mikha,
Réaya, Baal, Beérah. Beérah kuwi
penggedhéné taler Rubèn, sing dicekel
déning Tiglat-Pilèsèr, raja Asyur, lan
dibuwang menyang tanah manca.
5 (5:4)

6 (5:4)
7 Penggedhé-penggedhéné taler Rubèn
sing kasebut ing sarasilahé yakuwi:
Yeièl, Zakharia,
8 lan Béla bin Azas, putuné Séma,
turuné Yoèl. Turuné Yoèl mau manggon
ing Aroèr lan saka wilayah kono
mengalor tekan Nébo lan Baalmeon.
9 Wong-wong mau raja-kayané ing
tanah Giléad akèh banget, mulané padha
manggon ing wilayah sisih Wétan, ing
ara-ara samun nganti tekan Bengawan
Éfrat.
10 Nalika jamané Raja Saul, taler Rubèn
nglurugi perang tanah Hagri, sawétané
Giléad. Wong-wong sing manggon ing
kono dipatèni lan tanahé dienggoni.
11 Saloré wilayahé taler Rubèn, kuwi
panggonané taler Gad, yakuwi tanah
Basan mengétan nganti tekan Salkha.
12 Sing dadi leluhuré wong-wong gedhé
ing kono, Yoèl. Leluhuré sing nomer
loro Safam. Déné leluhur-leluhuré
gotrah-gotrah liyané sing ana ing Basan
kono yakuwi: Yaélani lan Safat.
13 Anak-turuné Gad liyané kapérang
dadi gotrah pitu, yakuwi: Mikhaèl,

Mesulam, Syéba, Yorai, Yakan, Zin lan
Ébèr.
14 Kuwi kabèh anak-turuné Abihail
bin Huri. Sarasilahé wong-wong mau
yèn diurutaké saka ngisor mengkéné:
Abihail, Huri, Yaroah, Giléad, Mikhaèl,
Yesisai, Yahdo, Bus.
15 Penggedhéné gotrah-gotrah mau
kabèh jenengé Ahi bin Abdièl, putuné
Guni.
16 Wong-wong mau manggoné ana
ing wilayah Basan lan Giléad, yakuwi
kutha-kutha ing wilayah kono lan ing
tanah-tanah sing akèh suketé ing daérah
Saron.
17 Sarasilah iki katulis nalika jamané
Yotam dadi raja ing Yéhuda lan Yérobéam
dadi raja ing Israèl.
18 Prejurité taler Rubèn, Gad lan
Manasyè sisih Wétan kali sing trampil
migunakaké tamèng, pedhang lan panah
cacahé 44.760.
19 Wis tau perang karo bangsa Yétur,
Nafisy lan Nodab, sing klebu bangsa
Hagri.
20 Wong-wong bangsa Hagri kabèh
ditelukaké, merga prejurit-prejurit mau
padha precaya marang Allah lan nyuwun

pitulungané. Mulané Allah miyarsakaké
panyuwuné sarta padha diparingi
kemenangan.
21 Sarèhné peprangan mau kedadéané
saka kersané Pangéran, mulané akèh
mungsuh sing padha dipatèni. Wong sing
ditawan cacahé 100.000, lan kéwan sing
direbut: unta 50.000, wedhus 250.000
lan kuldi 2.000. Taler-taler teteluné
padha manggon ing kono nganti bangsa
Israèl ditawan lan digawa menyang
pembuwangan.
22 (5:21)
23 Taler Manasyè sawétan kali kuwi
manggoné ing wilayah Basan mengalor
tekan Baalhèrmon, Senir lan Gunung
Hèrmon. Cacahé saya suwé saya akèh.
24 Para penggedhéné kaum Manasyè
sisih Wétan yakuwi: Hèfèr, Yisèi, Élièl,
Azrièl, Yérémia, Hodawia lan Yahdièl.
Kuwi kabèh prejurit-prejurit sing
peng-pengan.
25 Wong Israèl padha ora setya marang
Allah, sesembahané para leluhuré;
malah banjur padha nyembah marang
brahala-brahalané bangsa-bangsa sing
wis ditundhung déning Allah saka tanah
Kenaan kono.

26 Mulané Gusti Allah banjur ngosikaké
atiné Pul, raja Asyur, mangkat nglurugi
perang tanah mau. Pul kuwi iya kasebut
Tiglat-Pilèsèr. Taler Rubèn, taler Gad lan
Manasyè sisih Wétan kabèh ditawan lan
dibuwang menyang Halah, Habor, Hara
lan ing panggonan sacedhaké Gozan.
Wong-wong mau padha manggon ing
kana tekan sepréné.

6 1 Lèwi duwé anak lanang telu:
Gèrson, Kéhat lan Mérari.
2 Kéhat duwé anak lanang papat,
yakuwi: Amram, Yizhar, Hébron, lan
Uzièl.
3 Amram duwé anak lanang loro, Harun
lan Musa, lan anak wadon siji, yakuwi
Miryam. Harun duwé anak lanang:
Nadab, Abihu, Èléazar lan Itamar.
4 Sarasilahé Èléazar kuwi urut-urutané
mengkéné: Pinéhas, Abisua,
5 Buki, Uzi,
6 Zerahya, Merayot,
7 Amarya, Ahitub,
8 Zadok, Ahimaas,
9 Azarya, Yohanan,
10 Azarya (sing nyambut-gawé ing
Pedalemané Allah, yasané Raja Suléman
ing Yérusalèm).

11 Amarya, Ahitub,
12 Zadok, Salum,
13 Hilkia, Azarya,
14 Seraya, Yozadak,
15 Yozadak digawa menyang
pembuwangan déning Nebukadnésar,
bebarengan karo wong Yéhuda lan wong-
wong sing manggon ing Yérusalèm,
merga mengkono sing dikersakaké
déning Gusti Allah.
16 Lèwi duwé anak lanang telu, yakuwi:
Gèrson, Kéhat lan Mérari,
17 telu-teluné padha duwé anak. Gèrson
nurunaké Libni lan Simèi;
18 Kéhat nurunaké: Amram, Yizhar,
Hébron lan Uzièl.
19 Mérari nurunaké Mahli lan Musi.
20 Anak-turuné Gèrson yakuwi Libni,
Yahat, Zima,
21 Yoah, Idho, Zérah, Yeatrai.
22 Anak-turuné Kéhat yakuwi:
Aminadab, Korah, Asir,
23 Èlkana, Ébiasaf, Asir,
24 Tahat, Uzièl, Uzia, Saul.
25 Èlkana duwé anak lanang loro:
Amasai lan Ahimot.
26 Anak-turuné Ahimot yakuwi: Èlkana,
Zofai, Nahat,

27 Éliab, Yehoram, Èlkana.
28 Samuèl duwé anak lanang loro: sing
mbarep jenengé Yoèl, sing ragil Abia.
29 Anak-turuné Mérari: Mahli, Libni,
Simèi, Uza,
30 Siméa, Hagia, Asaya.
31 Wiwit nalika Pethining Prejanjian
dielih menyang Kémah Palenggahané
Allah ing Yérusalèm, Raja Dawud milih
wong-wong sing didhawuhi menyanyi
ing Pedalemané Allah.
32 Sadurungé Raja Suléman yasa
Pedalemané Allah, wong-wong mau wis
padha nglakoni tugasé ana ing Kémah
Palenggahané Allah.
33 Sarasilahé wong-wong sing padha
dadi pemimpiné para penyanyi mau
yakuwi: Saka gotrah Kéhat: Héman bin
Yoèl. Kuwi pemimpiné penyanyi sing
kawitan. Yèn diurutaké saka ngisor
mendhuwur tekan Yakub, sarasilahé
mengkéné: Héman, Yoèl, Samuèl,
34 Èlkana, Yéroham, Élièl, Toah,
35 Zuf, Èlkana, Mahat, Amasai,
36 Èlkana, Yoèl, Azarya, Zéfanya,
37 Tahat, Asir, Ébiasaf,
38 Yizhar, Kéhat, Lèwi, Yakub.

39 Asaf pemimpiné penyanyi sing
kapindho. Sarasilahé yèn diurutaké
saka ngisor mendhuwur tekan Lèwi
mengkéné: Asaf, Bèrékia, Siméa,
40 Mikhaèl, Baaséya, Malkia,
41 Étai, Zérah, Adaya,
42 Étan, Zima, Simèi,
43 Yahat, Gèrson, Lèwi.
44 Pemimpiné penyanyi sing katelu
jenengé Étan, wong asal saka kaum
Mérari. Sarasilahé yèn diurutaké
saka ngisor mendhuwur tekan Lèwi
mengkéné: Étan, Kisi, Abdi, Maluk,
45 Hasabia, Amazia, Hilkia,
46 Amzi, Bani. Sèmèr,
47 Mahli, Musi, Mérari, Lèwi.
48 Tugas-tugasé wong-wong mau ing
Pedalemané Allah dipasrahaké marang
kanca-kancané tunggal gawé, uga
wong-wong Lèwi.
49 Harun lan anak-turuné kuwi tugasé
ngobong menyan, saos kurban obongan
ing mesbèh, nindakaké sakèhé upacara
ing Papan Mahasuci, sarta nyaosaké
kurban panebusing dosa kanggo umat
Israèl. Kuwi kabèh katindakaké miturut
prenatan-prenatané Musa, abdiné Allah.

50 Sarasilahé Harun mau mengkéné:
Èléazar, Pinéhas, Abisua,
51 Buki, Uzi, Zerahya,
52 Marayot, Amarya, Ahitub,
53 Zadok, Ahimaas.
54 Wong Lèwi kuwi manggon ing daérah
pandumané gotrah Kéhat, turuné Harun.
Daérah sing dhisik dhéwé diwènèhaké
marang wong Lèwi,
55 kutha Hébron ing wilayah Yéhuda, lan
tanah pangonan sakiwa-tengené klebu
daérahé wong Lèwi mau.
56 Nanging tegalan lan désa-désa
sakiwa-tengené kutha mau duwèké
Kalèb bin Yéfuné.
57 Kejaba Hébron, kutha pangungsèn,
anak-turuné Harun uga ndarbèki: Yatir,
désa-désa lan tanah pangonané, yakuwi:
désa Libna, Èstemoa, Dhebir, Asan,
Bèt-Sèmès.
58 (6:57)
59 (6:57)
60 Taler Bènyamin anak-turuné Harun
nampa panduman désa-désa lan tanah
pangonan: Géba lan Anatot. Liyané ana
désa telulas sing kena dienggoni para
keluwargané.

61 Isih ana désa sepuluh menèh ing
wilayahé Manasyè Kulon kali sing uga
didum nganggo diundhi marang gotrah
Kéhat, sing durung keduman lemah.
62 Kulawargané kaum Gèrson dipandumi
kutha cilik cacahé telulas ing wilayahé
Isakar, Asyèr, Naftali lan Manasyè sisih
Wétan, yakuwi ing tanah Basan.
63 Kulawargané gotrah Mérari olèh
panduman désa rolas ing wilayahé
Rubèn, Gad lan Zébulon, nganggo
diundhi.
64 Kaya mengkono patrapé bangsa
Israèl enggoné ngedumi lemah marang
taler Lèwi, rupa désa-désa lan tanah
pangonan minangka papan panggonané.
65 Désa-désa ing wilayah Yéhuda,
Siméon lan Bènyamin sing wis kasebut
ing ndhuwur mau anggoné ngedum iya
srana diundhi.
66 Ing wilayahé Éfraim, gotrah Kéhat
sapérangan ana sing nampa panduman
désa-désa lan tanah pangonan
sakiwa-tengené, yakuwi:
67 Sikèm, kutha pangungsèn ing
pegunungan kanggo wilayah kono,
Gèzèr,
68 Yokméam, Bèt-Horon,

69 Ayalon lan Gat-Rimon.
70 Ing wilayahé Manasyè sisih Kulon
wong-wong Lèwi nampa désa Anèr
lan Biléam karo tanah pangonan
sakiwa-tengené.
71 Kulawarga-kulawargané gotrah
Gèrson olèh panduman désa-désa
lan tanah pangonan sakiwa-tengené,
yakuwi: Ing wilayah Manasyè sisih
Wétan: Golan ing tanah Basan lan
Astarot.
72 Ing wilayahé Isakar: Kèdès,
Dhaberat,
73 Ramot lan Anèm.
74 Ing wilayahé Asyèr: Masal, Abdon,
75 Hukok lan Réhob.
76 Ing wilayahé Naftali: Kèdès ing
Galiléa, Hamon lan Kiryataim.
77 Anak-turuné Mérari sing durung
kepanduman, nampa panduman kutha
lan tanah pangonan sakiwa-tengené,
yakuwi: ing wilayah Zébulon: Rimono
lan Tabor.
78 Ing wilayah Rubèn, sawétané Kali
Yardèn ing sabranganė Yérikho: Bèzèr
ing pegunungan, Yahas,
79 Kedémot lan Méfaat.

80 Ing wilayahé Gad: Ramot ing Giléad,
Mahanaim,
81 Hèsbon lan Yaézèr.
7 1 Isakar duwé anak lanang papat,
yakuwi: Tola, Puah, Yasub lan
Simron.
2 Tola duwé anak lanang nenem: Uzi,
Rafaya, Yerièl, Yahmai, Yibsam lan
Samuèl. Wong-wong kuwi padha dadi
leluhuré kaum Tola lan prejurit-prejurit
sing kesuwur peng-pengan. Nalika
jamané Raja Dawud, cacahé wong-wong
mau ana 22.600.
3 Uzi duwé anak lanang jenengé
Yizrahya. Yizrahya lan anaké lanang
papat, yakuwi: Mikhaèl, Obaja, Yoèl, lan
Yisia kuwi padha dadi kepalané gotrah
Uzi.
4 Bojoné lan anak-anaké wong-wong
mau akèh, nganti anak-turuné sing dadi
tentara cacahé 36.000.
5 Miturut cathetan resmi, wong lanang
saka taler Isakar sing didaftar dadi
prejurit 87.000.
6 Bènyamin duwé anak lanang telu,
yakuwi: Béla, Bèkèr lan Yediaèl.
7 Béla duwé anak lanang lima, yakuwi:
Èzbon, Uzi, Uzièl, Yérimot lan Iri. Kuwi

padha dadi penggedhéné kulawarga
lan kesuwur dadi prejurit-prejurit sing
peng-pengan. Anak-turuné lanang sing
kecathet dadi prejurit ana 22.034.
8 Bèkèr duwé anak lanang sanga,
yakuwi: Zemira, Yoas, Élièzer, Èlyoénai,
Omri, Yérémot, Abia, Anatot lan Alèmèt.
9 Miturut cathetan resmi cacahé wong
lanang saka kulawarga-kulawarga
anak-turuné wong-wong mau sing
kecathet dadi prejurit ana 20.000.
10 Yediaèl duwé anak lanang jeneng
Bilhan. Bilhan duwé anak lanang
pitu, yakuwi: Yéusi, Bènyamin, Éhud,
Kenaanah, Zétan, Tarsis lan Ahisahar.
11 Kuwi padha dadi penggedhéné
kulawarga-kulawarga taler Bènyamin
lan padha dadi prejurit sing kesuwur
peng-pengan. Ing antarané anak-turuné
mau ana wongé lanang 17.200 sing
kecathet dadi prejurit.
12 Supim lan Hupim kuwi anak-turuné
Ir; déné Husim turuné Ahèr.
13 Naftali duwé anak lanang papat,
yakuwi: Yahzièl, Guni, Yèsèr lan Salum.
Kuwi padha anak-turuné Bilha.[d]

---

[d]Bilha: Seliripun Yakub, ibunipun Dhan lan Naftali.

14 Manasyè karo seliré wong Aram,
duwé anak lanang loro: Asrièl lan Makhir
nurunaké Giléad.
15 Makhir nggolèkaké bojo kanggo
Hupim lan Supim. Seduluré wadon
Makhir jenengé Maaka. Anaké Makhir
sing nomer loro jenengé Zélaféhad.
Zélaféhad ora duwé anak lanang; anaké
wadon kabèh.
16 Maaka bojoné Makhir nglairaké anak
lanang loro, jenengé Pèrès lan Sèrès;
Pèrès duwé anak lanang loro, jenengé
Ulam lan Rèkèm.
17 Ulam duwé anak lanang siji, jenengé
Bedan. Kuwi anak-turuné Giléad bin
Makhir, putrané Manasyè.
18 Seduluré wadon Giléad sing jeneng
Molèkèt duwé anak lanang telu, yakuwi:
Isyhod, Abièzèr lan Mikha.
19 Semida duwé anak lanang papat:
Ahian, Sèkhèm, Liki lan Aniam.
20 Éfraim duwé anak lanang telu,
yakuwi: Sutélah, Èzèr lan Èlad.
Sarasilahé Éfraim kuwi mengkéné:
Sutélah, Bèrèd, Tahat, Èlada, Tahat,
Zabad, Sutélah. Èzèr lan Èlad anaké
Éfraim dipatèni nalika arep nyolong

raja-kayané penduduk asli ing tanah
Gad.
21 (7:20)
22 Bapakné nganakaké patangisan
pirang-pirang dina, nganti sedulur-
seduluré padha teka nglipur.
23 Bojoné Éfraim banjur ngandheg
menèh lan mbabar anak lanang.
Bocah mau dijenengi Béria,[e] merga
kulawarga mau nalika semono ngalami
kasangsaran.
24 Éfraim duwé anak wadon jenengé
Seéra. Kuwi sing ngedegaké kutha-kutha
Bèt-Horon-Ngisor lan Bèt-Horon-
Ndhuwur, kutha Uza lan kutha Seéra.
25 Éfraim uga duwé anak lanang sing
jenengé Réfah. Anak-turuné Réfah
yakuwi: Rèsèf, Télah, Tahan,
26 Ladan, Amihud, Élisama,
27 Nun lan Yosua.
28 Tanah sing dipandumaké dadi
pandumané anak-turuné Rèsèf yakuwi
Bètèl mengétan tekan Naaran, lan
mengulon tekan Gèzèr, sarta désa-désa
sakiwa-tengené kutha-kutha mau.
Kutha-kutha liyané sing ana ing wilayah

---

[e]Béria: Nama menika tegesipun "Sajroning kasangsaran".

kono yakuwi Sikèm lan Aya, sarta
désa-désa sakiwa-tengené.
29 Anak-turuné Manasyè ngwasani
kutha-kutha Bèt-Séan, Taanak, Megido,
Dhor lan désa-désa sakiwa-tengené.
Kuwi daérah sing dienggoni anak-turuné
Yusuf bin Yakub.
30 Anak-turuné Asyèr kuwi mengkéné:
Asyèr duwé anak lanang papat, yakuwi:
Yimna, Yiswa, Yiswi, Béria lan anak
wadon siji, jenengé Sérah.
31 Béria duwé anak lanang loro: Hèbèr
lan Malkièl. Malkièl kuwi sing ngedegaké
kutha Birzait.
32 Hèbèr duwé anak lanang telu,
yakuwi: Yaflèt, Somèr, Hotam lan anak
wadon siji, jenengé Sua.
33 Yaflèt uga duwé anak lanang telu,
yakuwi: Pasakh, Bimhab, lan Aswat.
34 Somèr, seduluré Yaflèt, duwé anak
lanang telu: Ahi, Rohga lan Aram.
35 Hotam, seduluré Yaflèt sijiné, duwé
anak lanang papat, yakuwi: Zofah,
Yimna, Sèlès lan Amal.
36 Anak-turuné Zofah: Suah, Harnèfèr,
Syual, Béri, Yimra,
37 Bèzèr, Hod, Sama, Silsa, Yitran lan
Baéra.

38 Anak-turuné Yètèr yakuwi: Yéfuné,
Pispa lan Ara.
39 Anak-turuné Ula: Arah, Hanièl lan
Risa.
40 Kuwi kabèh tedhak-turuné Asyèr,
sing padha dadi penggedhéné
kulawarga-kulawarga lan kesuwur dadi
prejurit-prejurit sing peng-pengan lan
panglima-panglima sing digdaya. Sing
kacathet dadi prejurit cacahé kabèh ana
nemlikur èwu (26.000).

8 1 Bènyamin duwé anak lanang lima,
yakuwi urut tuwa: Béla, Asibèl,
Ahrah,
2 Noha lan Rafa.
3 Anak-turuné Béla: Adar, Géra, Abihud,
4 Abisua, Naaman, Ahoah,
5 Géra, Séfufam lan Huram.
6 Anak-turuné Éhud yakuwi: Naaman,
Ahia lan Géra. Kuwi penggedhéné
kulawarga, sing biyèn manggon ing
Géba. Nanging padha ditundhung
saka kono, banjur padha manggon ing
Manahat, dipimpin déning Géra, bapakné
Uza lan Ahihud.
7 (8:6)
8 Saharaim megat bojoné loro-loroné
sing jeneng Husim lan Baara. Nalika

manggon ing Moab banjur kawin karo
Hodèsi lan duwé anak lanang pitu,
yakuwi: Yobab, Zibya, Mésa, Malkam,
9 (8:8)
10 Yéus, Sokyah lan Mirma. Kuwi kabèh
padha dadi penggedhéné kulawarga.
11 Karo bojoné sing jeneng Husim
Saharaim uga duwé anak lanang loro:
Abitub lan Èlpaal.
12 Anaké lanang Èlpaal ana telu, yakuwi:
Ébèr, Misam lan Sèmèd. Sèmèd kuwi
sing ngedegaké kutha Ono lan Lod, sarta
désa-désa sakiwa-tengené.
13 Béria lan Séma kuwi kepala-kepala
kulawarga sing manggon ing kutha
Ayalon. Dhèwèkné kuwi sing nundhung
penduduk kutha Gat.
14 Anak-turuné Béria: Ahio, Sasak,
Yérémot, Zebaya, Arad, Èdèr, Mikhaèl,
Yispah lan Yoha.
15 (8:14)
16 (8:14)
17 Anak-turuné Èlpaal yakuwi: Zebaya,
Mesulam, Hizki, Hèbèri,
18 Yismerai, Yizlia lan Yobab.
19 Anak-turuné Simèi: Yakim, Zikri,
Zabdi,
20 Èlyoénai, Ziletai, Élièl,

21 Adaya, Beraya lan Simrat.
22 Anak-turuné Sasak yakuwi: Yispan, Ébèr, Élièl,
23 Abdon, Zikri, Hanan,
24 Hananya, Élam, Antotia,
25 Yifdeya lan Pnuèl.
26 Anak-turuné Yéroham yakuwi: Samserai, Seharya, Atalia,
27 Yaarèsia, Élia lan Zikri.
28 Kuwi kabèh para penggedhéné kulawarga lan para pemimpin sing kecathet ana ing sarasilahé. Pemanggoné ana ing Yérusalèm.
29 Yeièl kuwi sing ngedegaké kutha Gibéon, nuli manggon ing kono. Bojoné jenengé Maaka,
30 lan anaké lanang sing mbarep jenengé: Abdon. Anaké lanang liya-liyané yakuwi: Zur, Kis, Baal, Nèr, Nadab,
31 Gedor, Ahio, Zèkèr,
32 lan Miklot, bapakné Siméah. Anak-turuné padha manggon ing Yérusalèm, bebarengan karo kulawarga-kulawarga liyané sing nunggal taler.
33 Bapakné Raja Saul kuwi Kis, lan Kis kuwi anaké Nèr. Saul duwé anak lanang

papat, yakuwi: Yonatan, Malkisua,
Abinadab lan Èsbaal.[f]
34 Yonatan duwé anak lanang jenengé
Méribaal,[g] bapakné Mikha.
35 Mikha duwé anak lanang papat,
yakuwi: Piton, Mèlèkh, Taréa lan Akhas.
36 Akhas duwé anak jenengé Yoada.
Yoada duwé anak lanang telu: Alèmèt,
Azmawèt lan Zimri. Sarasilahé Zimri
kuwi mengkéné: Zimri, Moza,
37 Bina, Rafa, Élasa lan Azèl.
38 Azèl duwé anak lanang nenem,
yakuwi: Azrikam, Bokru, Ismaèl, Séarya,
Obaja, lan Hanan.
39 Ésèk, seduluré lanang Azèl, duwé
anak telu: Ulam, sing mbarep, nuli Yéus
lan Èlifèlèt.
40 Anak-anaké Ulam kabèh dadi
prejurit peng-pengan lan ahli manah.
Anak-putuné lanang cacahé satus sèket.
Wong-wong mau kabèh klebu taler
Bènyamin.

9 1 Wong Israèl kabèh dicathet
manut kulawargané dhéwé-dhéwé.
Cathetan mau katulis ing Kitab Para Raja
Israèl. Rakyat Yéhuda enggoné digawa

---

[f] Èsbaal: Kasebut ing 2 Sam. 2:8 Isybosèt.
[g] Méribaal: Kasebut ing 2 Sam. 4:4 Méfibosèt.

menyang pembuwangan mau minangka
paukuman tumrap dosa-dosané.
2 Saka antarané wong-wong mau
sing bali dhisik dhéwé ing tanahé
lan manggon ing kutha-kutha, kuwi
wong-wong lumrah, imam-imam,
wong Lèwi lan wong-wong sing padha
nyambut-gawé ing Pedalemané Allah.
3 Wong-wong saka taler Yéhuda,
Bènyamin, Éfraim lan Manasyè padha
manggon ing Yérusalèm.
4 Saka taler Yéhuda ana wong 690
sing manggon ing Yérusalèm, klebu ing
kono turuné Yéhuda sing katelu, yakuwi:
Pèrès, Syéla lan Zérah. Anak-turuné
Pèrès dipimpin Utai. Sarasilahé Utai yèn
saka ngisor mengkéné: Utai, Amihud,
Omri, Imri, lan Bani. Anak-turuné
Syéba dipimpin Asaya. Asaya kuwi
penggedhéné kulawarga. Anak-turuné
Zérah dipimpin Yeuèl.
5 (9:4)
6 (9:4)
7 Wong-wong taler Bènyamin sing
manggon ing Yérusalèm cacahé 956
kulawarga. Penggedhé-penggedhéné
kulawarga yakuwi: Salu bin Mesulam,
putuné Hodawia, buyuté Hasenua,

Yibnéa bin Yéroham, Éla bin Uzi, putuné
Mikri, Mesulam bin Séfaca, putuné
Rehuèl, buyuté Yibnia.
8 (9:7)
9 (9:7)
10 Imam-imam kasebut ing ngisor iki
manggon ing Yérusalèm: Yédaya, Yoyarib
lan Yakin Azarya bin Hilkia, leluhuré
yakuwi Mesulam, Zadok, Marayot lan
Ahitub. (Azarya penggedhéné para
punggawa ing Pedalemané Allah). Adaya
bin Yéroham; leluhuré yakuwi Pasyhur
lan Malkia. Masai bin Adièl; leluhuré
yakuwi Yahzéra, Mesulam, Mesilémit,
Imèr.
11 (9:10)
12 (9:10)
13 Para imam sing dadi penggedhéné
kulawarga cacahé 1.760. Wong-wong
mau trampil nglakoni sawernané
pegawéan ing Pedalemané Allah.
14 Wong-wong Lèwi kasebut ing ngisor
iki padha manggon ing Yérusalèm:
Semaya bin Hasub: leluhuré yakuwi
Azrikam lan Hasabia saka kaum Mérari,
Bakbakar, Hèrès lan Galal. Matania bin
Mikha, leluhuré yakuwi Zikri lan Asaf.
Obaja bin Semaya; leluhuré yakuwi Galal

lan Yedhutun, Bèrékia bin Asa, putuné
Èlkana, manggoné ing daérah kutha
Netofa.
15 (9:14)
16 (9:14)
17 Para pengawalé Pedalemané Allah
sing padha manggon ing Yérusalèm
yakuwi: Salum, Akub, Talmon, Ahikam
lan sanak seduluré. Salum kuwi
pemimpiné.
18 Tekan sepréné wong-wong mau
gawéané njaga Gapura Raja,[h] ing sisih
Wétan. Biyèn wong-wong mau njaga
lawang-lawanging gapura sing ngener
pedésané wong Lèwi.
19 Sing jaga gapura Kémah
Palenggahané Allah sing ngarep
dhéwé Salum bin Koré, putuné Ébiasaf,
bebarengan karo wong-wong kaum
Korah liyané. Leluhuré wong-wong mau
biyèn uga nglakoni pegawéan mau,
nalika padha tugas ana ing Kémah
Palenggahané Allah.

---

[h]Gapura Raja: Gapura ing Pedalemanipun Allah ingkang sisih Wétan, ingkang limrahipun kagem mlebet Sang Prabu menawi tindak dhateng Pedalemanipun Allah.

20 Pinéhas bin Èléazar — Allah
nunggila karo dhèwèkné — naté dadi
penggedhéné.
21 Zakharia bin Mesèlèmia uga dadi
pengawalé gapura Kémah Palenggahané
Allah.
22 Cacahé wong sing dipilih jaga
lawang-lawangé gapura kabèh ana 212.
Wong-wong mau padha dicathet miturut
dinané dhéwé-dhéwé. Leluhuré wong-
wong mau padha nampani kalengganané
saka Raja Dawud karo Nabi Samuèl.
23 Wiwit nalika semana wong-wong mau
lan turun-turuné padha dadi pengawalé
Pedalemané Allah.
24 Ing gapura-gapura sisih Lor, Kidul,
Kulon lan Wétan ana penggedhéné
pengawal.
25 Ana kalané para pengawal dibiyantu
sedulur-seduluré sing manggon ing
désa, lawasé seminggu.
26 Para penggedhéné gapura sing
cacahé papat mau kabèh wong Lèwi, lan
kalenggahané tetep. Tanggung jawabé
wong-wong mau ngreksa lan ngrumat
gedhong-gedhong ing Pedalemané Allah
lan kabèh barang-barang sing kasimpen
ana ing kono.

27 Omahé wong-wong mau ora adoh
saka Pedalemané Allah, merga kudu jaga
lan saben ésuk mbukak lawang-lawangé
gapura-gapura mau.
28 Wong Lèwi kuwi sebagéan ana sing
kudu ngreksa prabot-praboté upacara
pangibadah. Kudu padha ngétung cacahé
prabot-prabot mau samangsa ngetokaké
lan nglebokaké.
29 Sebagéan menèh kejaba ngreksa
prabot-prabot sing kanggo upacara, uga
kudu ngreksa cawisan glepung, anggur,
lenga zaitun, menyan lan kembang
borèh.
30 Nanging sing nyampur adon-adonan
mau kudu para imam dhéwé.
31 Tukang gawé roti kanggo saosan[i]
kuwi wong Lèwi sing jenengé Matica,
anaké mbarep Salum, saka gotrah
Korah.
32 Déné sing kudu nyedhiakaké roti
sesajèn[j] ing Pedalemané Allah pendhak

---

[i]roti saosan: roti saking glepung lan lisah zaitun, dipun panggang, kasaosaken dhateng Pangéran.

[j]roti sesajèn: roti kalihwelas, ingkang dipun sèlèhaken ing méja ing Pedalemanipun Allah saben dinten Sabbat, minangka saosan dhateng Allah.

dina Sabbat, para kulawargané kaum
Kéhat.
33 Wong Lèwi ana sebagéan sing olèh
tugas menyanyi ana ing Pedalemané
Allah. Kuwi para penggedhéné kulawarga
sing manggon ing gedhong-gedhong
ing Pedalemané Allah. Wong-wong
mau ora duwé tugas liyané, merga
nyambut-gawéné rina wengi.
34 Kabèh wong sing kasebut ing
ndhuwur mau para penggedhéné
kulawarga-kulawarga taler Lèwi miturut
sarasilahé. Kabèh padha manggon ing
Yérusalèm.
35 Yeièl kuwi sing ngedegaké kutha
Gibéon, banjur iya manggon ing kono.
Bojoné jenengé Maaka,
36 lan anaké lanang sing mbarep
jenengé Abdon. Anak-anaké lanang liya
jenengé: Zur, Kis, Baal, Nèr, Nadab,
37 Gedor, Ahio, Zakharia lan Miklot,
38 bapakné Siméah. Anak-turuné padha
manggon ing Yérusalèm bebarengan
karo kulawarga-kulawarga liyané
nunggal gotrah.
39 Bapakné Raja Saul jenengé Kis lan
bapakné Kis jenengé Nèr. Saul duwé

anak lanang papat, yakuwi Yonatan,
Malkisua, Abinadab, lan Èsybaal.
40 Yonatan duwé anak lanang jenengé
Méribaal, bapakné Mikha.
41 Mikha duwé anak lanang papat:
Piton, Mèlèkh, Tahréa lan Akhas.
42 Anaké Akhas jenengé Yaéra. Yaéra
duwé anak lanang telu: Alèmèt,
Azmawèt lan Zimri. Anak-turuné Zimri
yakuwi: Moza,
43 Bina, Réfaya, Élasa lan Azèl.
44 Azèl duwé anak lanang nem:
Azrikam, Bokru, Ismaèl, Séarya. Obaja
lan Hanan.

10

1 Nalika semono wong Filistin
nyerang wong Israèl ing Gunung
Gilboa. Ing peprangan mau akèh wong
Israèl sing tiwas. Sing kèri, Raja Saul lan
putra-putrané, padha keplayu.
2 Sarta padha dioyak déning wong
Filistin, nganti putrané Saul telu,
Yonatan, Abinadab lan Malkisua tiwas.
3 Perangé ramé banget ing sakiwa-
tengené Raja Saul, wekasané Raja Saul
kena panahing mungsuh, ketaton.
4 Raja Saul banjur akon nonoman sing
nggawakaké gamané, "Pedhangmu
loroten! Aku suduken! Supaya aku ora

digawé geguyon déning wong-wong
kapir kuwi." Nanging nonoman mau
ora gelem, merga wedi banget. Mulané
Raja Saul banjur mundhut pedhangé lan
dirungkebi.
5 Bareng weruh yèn Raja Saul wis tiwas,
nonoman mau iya banjur ngrungkebi
pedhangé dadi lan patiné.
6 Dadiné Raja Saul tilar-donya bareng
karo putrané lanang telu, temahan
kratoné cuthel.
7 Nalika wong Israèl sing padha
manggon ing Lebak Yésreèl krungu yèn
tentarané wong Israèl keplayu lan Raja
Saul sarta putra-putrané padha tiwas,
banjur énggal-énggal padha metu,
kuthané ditinggal. Wong Filistin banjur
padha teka mlebu ing kutha-kutha mau.
8 Ésuké wong Filistin padha teka ing
peprangan, ngrampogi mayit-mayit sing
ana ing kono, temah nemu layoné Raja
Saul lan putrané kakung telu pating
gléthak ana ing Gilboa.
9 Raja Saul banjur dikethok mestakané
lan agemané perang diuculi. Mestakané
Raja Saul lan agemané perang banjur
digawa mubeng déning kongkonané
wong Filistia menyang satlatahé tanah

Filistia kabèh, karo ngumumaké kabar
kabungahan mau marang bangsa Filistia
lan para déwané.
10 Gegamané Raja Saul disimpen
ing sawijining candhi, lan mestakané
digandhulaké ing papan panyembahané
Dagon, déwané wong Filistin.
11 Bareng penduduké kutha Yabès
krungu lelakon mau,
12 banjur ana wong kendel sawetara
sing padha njupuk layoné Raja Saul lan
putra-putrané, digawa menyang Yabès
lan dikubur ana ing kana, ing sangisoré
wit gedhé. Sawisé mengkono banjur
padha pasa pitung dina.
13 Raja Saul enggoné tiwas merga
ora setya marang Allah, lan ora netepi
pangandikané. Ora nyuwun pitedahé
Pangéran, malah njaluk tulung marang
roh-rohé wong mati. Raja Saul nerak
dhawuh lan prenatané Pangéran, mulané
Pangéran ngukum Raja Saul lan mundhut
kratoné, kaparingaké marang Dawud,
anaké Isai.
14 (10:13)

11

1 Sawisé mengkono bangsa Israèl
banjur padha marani Dawud ing

Hébron, karo matur mengkéné, "Kula
sedaya rak sedhèrèk panjenengan.
2 Wiwit rumiyin, malah nalika Saul
taksih dados raja, panjenengan menika
ingkang mimpin rakyat Israèl ing
peprangan. Kejawi saking menika
Gusti Allah sampun janji dhateng
panjenengan, bilih panjenengan badhé
mimpin umatipun lan dados rajanipun."
3 Dawud nuli gawé prejanjian atas
Asmané Allah, karo bangsa Israèl sing
padha teka ing Hébron mau. Dawud
banjur diwisudha dadi raja Israèl,
kaya sing dingandikakaké déning Allah
lantaran Samuèl.
4 Ing sawijining dina Raja Dawud
karo tentarané kabèh nyerang kutha
Yérusalèm. Nalika semono kutha mau
jenengé Yébus. Sing manggon ing kono
penduduk asli.
5 Wong Yébus padha sesumbar, yèn
Raja Dawud mesthi ora bakal bisa
mlebu kutha kono. Nanging Raja Dawud
nyatané bisa ngrebut bètèngé kutha
mau, sing aran Sion. Raja Dawud
banjur manggon ing kono. Wiwit nalika
semana bètèng mau karan "Kuthané
Dawud". Raja Dawud ngumumaké

marang para prejurité, yèn sapa sing
dhisik dhéwé matèni wong Yébus bakal
didadèkaké panglima. Wekasané Yoab
dadi panglima, merga dhèwèké sing
mimpin peprangan mau. (Ibuné Yoab
jenengé Zeruya.)
6 (11:5)
7 (11:5)
8 Kutha Yérusalèm dibangun ngubengi
bètèng mau; olèhé mbangun wiwit saka
sawétané gunung sing diurug lemah.
Sing ngrampungaké pegawéan mau
Yoab.
9 Raja Dawud saya suwé saya misuwur,
merga saka pitulungané Pangéran sing
Mahakwasa.
10 Opsir-opsiré Raja Dawud sing
misuwur yakuwi prejurit sing bebarengan
karo rakyat ngudi supaya Dawud dadi
raja. Kaya sing dijanjèkaké déning
Pangéran, lan mbiyantu pepréntahané.
Jeneng-jenengé yakuwi:
11 Perwira sing kapisan: Yasobam
saka gotrah Hakmoni. Kuwi pemimpiné
"Triwira".[k] Tau perang karo mungsuh
telung atus; kabèh dipatèni nganggo
tumbak.

---

[k]Triwira: Perwira tiga.

12 Perwira kapindho ing "Triwira" kono
uga, jenengé Èléazar bin Dhodho, saka
gotrah Ahohi.
13 Sajroning perang ing Pas-Damim,
Èléazar mbélani raja Dawud nglawan
wong Filistin. Nalika tentara Israèl
keplayu, Èléazar karo balané mapan
lan nandhingi perangé wong Filistin ana
ing tegalan jewawut. Pangéran paring
unggul, temah wong Filistin kalah kabèh.
14 (11:13)
15 Ing sawijining dina nalika tentara
Filistin lagi pasang kémah ing Lebak
Éfraim, ana perwira telu ing antarané
perwiranè Raja Dawud telung puluh sing
peng-pengan dhéwé, padha nemoni
Raja Dawud ing gunung watu sacedhaké
Guwa Adhulam.
16 Nalika semono Raja Dawud lagi ana
ing sajroning bètèng lan tentara Filistin
ngwasani kutha Bètléhèm.
17 Raja Dawud kangen banget karo désa
kelairané, pangandikané, "Iba senengku
yèn bisa ngombé banyu saka sumur
sacedhaké gapura ing Bètléhèm."
18 Krungu ngandikané Raja Dawud
mengkono mau, perwira telu mau banjur
nggempur panggonané wong Filistin,

nuli nimba banyu saka sumur, diaturaké
marang rajané. Nanging Raja Dawud ora
kersa ngunjuk, malah banyu mau diesok,
minangka kurban marang Pangéran.
19 Karo ngandika, "Aku ora bisa
ngombé banyu iki, sebab yèn tak ombé
presasat aku ngombé getihé wong-wong
sing golèk banyu iki srana ngetohaké
nyawané!" Dadiné Raja Dawud ora kersa
ngunjuk banyuné mau. Mengkono mau
jasa lan kekendelané para perwirané
Raja Dawud sing misuwur.
20 Abisai adhiné Yoab kuwi pemimpiné
"Tridasawira"[l] kang uga misuwur banget.
Abisai naté matèni mungsuh telung
atus nganggo tumbaké. Ing antarané
Tridasawira mau Abisai sing misuwur
dhéwé.
21 Mulané diangkat dadi pemimpiné.
Éwasemono isih kalah karo perwira-
perwira "Triwira".
22 Perwira siji menèh sing misuwur
yakuwi Benaya bin Yoyada, wong
Kabzeèl. Benaya kuwi kendel banget,
mula matèni prejurit Moab loro sing
peng-pengan banget. Wis tau Benaya
mau ing sawijining dina, nalika mbeneri

---

[l]Tridasawira: Perwira tigang dasa.

udan salju, mlebu ing guwa lan matèni
singa sing ana ing kono.
23 Iya tau matèni wong Mesir sing
dhuwuré rong mèter luwih lan nggawa
gegaman tumbak sing gedhéné ora
lumrah. Benaya ngadhepi wong mau
mung nganggo penthung thok. Tumbaké
wong Mesir mau kena direbut lan
dienggo matèni wongé.
24 Kaya mengkono kendelé lan rosané
Benaya, salah sijiné perwira Tridasawira.
25 Benaya mau perwira sing misuwur
ing antarané pasukané, nanging durung
madhani perwira tetelu (Triwira) sing
kasebut ing ngarep. Benaya diangkat
dadi perwira pengawal pribadiné Raja
Dawud.
26 Ing ngisor iki jeneng-jenengé
perwira-perwira liyané sing misuwur:
Asaèl seduluré Yoab, Èlhanan bin
Dhodho saka Bètléhèm, Samot wong
Harod, Hèlès wong Pèlèt, Ira bin Ikes
wong Tekoa, Abièzèr wong Anatot,
Sibkhai wong Husa, Ilai wong Ahohi,
Maharai wong Netofa, Hèlèd bin Baana
wong Netofa, Itai bin Ribai wong Gibéa
ing wilayah Bènyamin, Benaya wong
Piraton, Harai saka Lebak Gaas, Abièl

wong Arabah, Azmawèt wong Bahurim, Èlyakba wong Saalbon, Hasyèm wong Gizon, Yonatan bin Sagé wong Harari, Ahiam bin Sakar wong Harari, Élialba bin Ur, Hèfèr wong Mekérati, Ahia wong Pèloni, Hézrao wong Karmèl, Naarai wong Èzbai, Yoèl seduluré Natan, Mibhar bin Hagri, Zèlèk wong Amon, Naharai wong Beérot, pengawalé Yoab, Ira lan Gareb wong Yétri, Uria wong Hèt, Zabad bin Ahlai, Adina bin Siza (salah sijiné tokoh saka klompok Rubèn sing duwé pasukan wong telung puluh), Hanan bin Maaka, Yosafat wong Mitni, Uzia wong Astarot, Sama lan Yeièl, anak-anaké Yotam, wong Aroèr Yediaèl lan Yoha, anak-anaké Simri, wong Tizi Élièl wong Mahawim, Yeribai lan Yosawya, anak-anaké Èlnaam, Yitma wong Moab Élièl, Obèd lan Yaasièl wong Mézobaya.
27 (11:26)
28 (11:26)
29 (11:26)
30 (11:26)
31 (11:26)
32 (11:26)
33 (11:26)
34 (11:26)

35 (11:26)
36 (11:26)
37 (11:26)
38 (11:26)
39 (11:26)
40 (11:26)
41 (11:26)
42 (11:26)
43 (11:26)
44 (11:26)
45 (11:26)
46 (11:26)
47 (11:26)
12 1 Nalika Dawud lolos saka
kedhatoné Raja Saul banjur
ngungsi menyang Ziklag. Akèh prejurit
sing setya lan wis akèh pengalamané
padha nekani Dawud.
2 Wong-wong mau iya saka taleré
Bènyamin, kaya Saul. Padha pinter
manah lan mbandhil, nganggo tangan
kiwa bisa, nganggo tangan tengen iya
bisa.
3 Pemimpiné jenengé Ahiézer lan
Yoas anak-anaké Semaa saka Gibéa.
Perwira-perwira mau jenengé: Yezièl lan
Pèlèt anak-anaké Azmawèt Beraka lan
Yéhu wong Anatot Yismaya saka Gibéon,

perwira misuwur, salah sijiné pemimpiné
klompok perwira "Tridasawira" Yérémia,
Yahazièl, Yohanan lan Yozabad wong
Gedéra Èluzai, Yérimot, Bealya, Semarya
lan Séfaca wong Harufi Èlkana, Yisia,
Azareèl, Yoèzèr lan Yasobam saka trah
Korah Yoèla lan Zebaya anak-anaké
Yéroham wong Gedor.
4 (12:3)
5 (12:3)
6 (12:3)
7 (12:3)
8 Nalika Dawud ndhelik ing ara-ara
samun, akèh perwira misuwur lan
pengalaman saka taler Gad sing mèlu
Dawud. Perwira-perwira mau pinter
banget migunakaké tamèng lan tumbak;
kendelé kaya singa lan gesité kaya
menjangan.
9 Jeneng-jenengé kasebut ing ngisor
iki miturut undha-usuké pangkaté:
Èzèr, Obaja, Éliab, Mismana, Yérémia,
Atai, Élièl, Yohanan, Èlizabad, Yérémia,
Makbanai.
10 (12:9)
11 (12:9)
12 (12:9)
13 (12:9)

14 Perwira-perwira saka Gad mau
sebagéan ana sing dadi komandhané
pasukan sèwu, lan sebagéan dadi
komandhan pasukan satus.
15 Tau kelakon perwira-perwira mau
nyabrang Kali Yardèn, nalika kaliné
mbeneri banjir gedhé. Kabèh penduduk
sing manggon ing sawétan lan sakuloné
kali mau padha ditundhung saka kono.
16 Ing sawijining dina ana rombongan
wong-wong saka taler Bènyamin lan
taler Yéhuda marani papan pandhelikané
Dawud.
17 Wong-wong mau ditemoni déning
Dawud, karo muni mengkéné, "Yèn
tekamu dadi mitra, merga arep nulung
aku, padha manggona ing kéné. Kowé
bakal daktampani klawan bungah.
Nanging yèn tekamu nedya masrahaké
aku marang mungsuh, senajan aku
ora gawé ala marang kowé, Allah sing
disembah para leluhur kita pirsa, lan
Panjenengané bakal ngukum kowé."
18 Ana wong siji ing antarané wong-
wong mau, yakuwi Amasai sing mbésuké
dadi komandhané pasukan "Tridasawira,"
kapenuhan ing Rohé Allah, banjur matur,
"Dawud, putranipun Isai! Kula sami

wonten ing wingking panjenengan! Mugi
panjenengan lan sedaya tiyang ingkang
mbiyantu panjenengan kaparingan
kaunggulan. Allah wonten ing pihak
panjenengan!" Wong-wong mau banjur
ditampani déning Dawud lan diangkat
dadi perwira-perwira angkatan perangé.
19 Saka klompok Manasyè ana prejurit-
prejurit sing padha pindhah mèlu Dawud,
nalika Dawud bebarengan karo wong
Filistin nglawan Raja Saul. Satemené
Dawud ora mbiyantu wong-wong Filistin.
Dawud dikon mulih menyang Ziklag
déning wong-wong Filistin, merga wong
Filistin kuwatir yèn Dawud mbalik mèlu
Raja Saul.
20 Jeneng-jenengé perwira saka taler
Manasyè sing mbalik mèlu Dawud nalika
Dawud bali menyang Ziklag, yakuwi:
Adnah, Yézabad, Yediaèl, Mikhaèl,
Yozabad, Élihu lan Ziletai. Wong-wong
mau padha diangkat dadi komandhan,
saben perwira dadi komandhan sing
mbawahaké prejurit sèwu.
21 Perwira-perwira mau wong-wong
sing gagah-prakosa lan mbiyantu Dawud
srana enggoné padha dadi komandhan
pasukan. Mbésuké wong-wong mau

padha dadi perwira-perwira ing angkatan
perangé bangsa Israèl.
22 Mèh saben dina ana wong sing teka
mèlu Dawud, nganti ora wetara suwé
tentarané Dawud cacahé akèh banget.
23 Nalika isih manggon ing Hébron
akèh prejurit gemblèngan sing mbalik
mèlu Dawud. Enggoné padha mbalik
mau maksudé mbiyantu supaya Dawud
dadi raja, nggentèni Raja Saul, kaya
sing dijanjèkaké déning Gusti Allah.
Cacahé prejurit mau yakuwi: Yéhuda:
wong 6.800, pepak sepraboté tamèng
lan tumbak; Siméon: wong 7.100,
prejurit sing gemblèngan; Lèwi: wong
4.600; Yoyada sabalané, anak-turuné
Harun: wong 3.700; Zadok, nonoman
pejuang sing kendel lan sanak-seduluré,
wong 22 sing misuwur; Bènyamin
(talerè Raja Saul): wong 3.000. Umumé
wong-wong taler Bènyamin padha
setya marang Raja Saul; Éfraim: wong
20.800, wong sing kajèn ing antarané
gotrahé dhéwé-dhéwé; Manasyè sisih
Kulon: wong 18.000, sing diutus déning
taleré supaya mèlu lan ngangkat Dawud
dadi raja; Isakar: wong 200 pemimpin
sabalané kabèh. Pemimpin-pemimpin iki

wong-wong sing wicaksana, ngerti akon marang rakyat Israèl nglakoni apa sing prelu, ing wektu sing cocog. Zébulon: wong 50.000, sing trampil migunakaké gegaman apa waé, lan selawasé siaga ing perang; kuwi wong-wong sing setya lan kena diendelaké; Naftali: wong 1.000, golongan pemimpin karo prejurit 37.000, pepak sapraboté perang, tamèng lan tumbak; Dhan: wong 28.000 sing wis digemblèng; Asyèr: wong 40.000 sing siaga ing perang; taler-taler sing manggon ing sawétané Kali Yardèn, yakuwi: Rubèn, Gad lan Manasyè sabrang Wétan: wong 120.000, sing trampil migunakaké gegaman apa waé.

24 (12:23)
25 (12:23)
26 (12:23)
27 (12:23)
28 (12:23)
29 (12:23)
30 (12:23)
31 (12:23)
32 (12:23)
33 (12:23)
34 (12:23)

35 (12:23)
36 (12:23)
37 (12:23)
38 Wong mau padha lunga menyang
Hébron, kabèh wis siaga ing perang lan
tékadé arep ngangkat Dawud dadi raja
sing mengku sanegara Israèl kabèh.
Mengkono uga wong Israèl liyané iya
padha setuju mengkono.
39 Telung dina lawasé wong-wong mau
padha nginep ing panggonané Dawud
lan disuguh mangan lan ngombé déning
wong Israèl.
40 Taler-taler sing manggon ing sisih
Lor, yakuwi Isakar, Zébulon lan Naftali,
wong-wongé padha teka nggawa
pangan, kayata: glepung, woh ara,
kismis, anggur lan lenga zaitun. Pangan
mau digawa nganggo kuldi, unta, bihal
lan sapi. Iya padha nggawa sapi lan
wedhus gèmbèl, arep padha disembelèh
lan dipangan. Kuwi kabèh nélakaké yèn
rakyat Israèl kabèh padha bungah.
13 1 Raja Dawud rembugan karo
para perwirané, komandhané
pasukan-sèwu lan pasukan-satus.
2 Banjur kandha karo umat Israèl
mengkéné, "Yèn kowé padha setuju lan

Pangéran Allah kita marengaké, beciké
kita kirim utusan marani para imam lan
wong-wong Lèwi ing désa-désané, dikon
nglumpuk mréné.
3 Kita prelu njupuk Pethi Prejanjiané
Allah, sing selawasé Saul dadi raja ora
kopèn."
4 Rakyat bungah lan setuju krungu
usulé Dawud sing mengkono mau.
5 Dawud banjur nglumpukaké rakyat
Israèl kabèh wiwit sing padha manggon
ing sisih Kidul ing tapel watesé tanah
Mesir, tekan sing manggon ing sisih Lor,
sacedhaké dalan menyang Hamat. Wong
kabèh mau diajak njupuk Pethining
Prejanjian saka Kiryat-Yéarim digawa
menyang Yérusalèm.
6 Dawud banjur mèlu lunga menyang
Baala, yakuwi Kiryat-Yéarim. Pethi kuwi
uga disebut: "Dhamparé Allah sing ana
ing sandhuwuré kerub".
7 Satekané ing Baala Pethi Prejanjian
banjur diwetokaké saka omahé
Abinadab, sarta diunggahaké ing grobag
sapi anyar. Sapiné dituntun déning Uza
lan Ahio.
8 Déné Raja Dawud lan bangsa Israèl
kabèh padha mlaku ing ngarep karo

jogèdan lan menyanyi kanthi semangat,
dibarengi uniné clempung, gambus,
terbang, kecèr lan slomprèt.
9 Bareng padha tekan penggilingan
gandum duwèké Kidon, sapi-sapi sing
narik grobag mau kesandhung lan Uza
tanganè kemlawé arep nyangga Pethiné
Prejanjian supaya aja tiba.
10 Nanging Pangéran duka lan Uza
diukum merga nyekel Pethi mau.
Sanalika iku uga Uza mati merga astané
Allah. Mulané wiwit dina kuwi panggonan
kono disebut: "Pèrès-Uza".[m] Dawud
nepsu merga Uza diukum semono aboté
déning Allah.
11 (13:10)
12 Nanging Dawud uga wedi banget,
mula banjur kandha, "Saiki kepriyé
patrapé nggawa Pethi Prejanjian iki?"
13 Pethi mau banjur ora sida digawa
menyang Yérusalèm, lan ditinggal ing
omahé wong sing jeneng Obèd-Édom,
saka kutha Gad.
14 Pethi kuwi ana ing kono nganti
telung sasi. Déné Obèd-Édom sebrayaté
lan barang-darbèké diberkahi déning

---

[m]Pèrès-Uza: Paukumanipun Uza.

Pangéran, merga enggoné kanggonan
Pethi Prejanjian mau.

14 1 Raja Hiram saka tanah Tirus
ngutus abdi sowan Raja Dawud
ngrembug prekara dagang, sarta ngirim
tukang-tukang batu, tukang kayu, lan
cemara Libanon, kanggo ngedegaké
kedhaton.
2 Dawud ngerti yèn Gusti Allah wis
ngukuhaké enggoné dadi raja ing Israèl,
lan yèn kratoné bakal makmur merga
kraton kuwi kanggo umaté Allah.
3 Bareng wis pindhah menyang
Yérusalèm Raja Dawud mundhut garwa
liyané menèh, lan saka garwa mau uga
kagungan putra menèh.
4 Putra-putra sing lair ing Yérusalèm
yakuwi: Syamua, Sobab, Natan,
Suléman,
5 Yibhar, Èlisua, Èlifèlèt,
6 Nogah, Nèfèg, Yafia,
7 Élisama, Beèlyada[n] lan Èlifèlèt.
8 Bareng wong Filistin krungu yèn
Dawud wis diangkat dadi raja sing
mengkoni tanah Israèl kabèh, banjur
padha tandang arep nyekel Dawud;
banjur metoni perang.

---

[n]Beèlyada: Ing bab 3:8 dipun sebut Èlyada.

9 Tentara Filistin banjur nyerbu Lebak
Réfaim.
10 Raja Dawud banjur nyuwun pirsa
marang Allah, "Dhuh Pangéran, menapa
tiyang Filistin menika kedah kawula
serang? Menapa Pangéran badhé paring
kaunggulan dhateng kawula?" Paring
wangsulané Pangéran, "Iya, serangen!
Aku bakal paring kemenangan marang
kowé!"
11 Dawud banjur nyerang sarta
ngalahaké wong Filistin ana ing Baal-
Perazim. Pangucapé Raja Dawud, "Allah
wis marengaké aku nrobos barisané
mungsuh kaya banjir bandhang." Mulané
panggonan kono disebut Baal-Perazim,
sing tegesé: "Allah nrobos".
12 Wong Filistin padha keplayu lan ora
kober nggawa reca-recané. Raja Dawud
banjur dhawuh ngobong reca-reca mau
kabèh.
13 Ora let suwé wong Filistin mau bali
nyerbu Lebak Réfaim menèh.
14 Raja Dawud nyuwun pituduh menèh
marang Pangéran, lan diwangsuli,
"Aja kokserang saka kéné, nanging
ngalanga metu sisih kana; serangen
saka panggonané wit-wit murbei.

15 Yèn kowé krungu swara kaya swarané
wong baris ing sandhuwuré wit-witan,
majua, sebab Aku bakal tindak ing
ngarepmu ngalahaké wong Filistin."
16 Raja Dawud nglakoni apa sing
didhawuhaké déning Pangéran. Raja
Dawud lan pasukané ngalahaké tentara
Filistin wiwit saka Gibéon tekan Gèsèr.
17 Merga saka mengkono Raja Dawud
dadi misuwur ana ing ngendi-endi, lan
bangsa-bangsa didamel wedi karo Raja
Dawud.

15 1 Raja Dawud yasa omah kagem
panjenengané piyambak lan
yasa panggonan kanggo mapanaké
Pethi Prejanjiané Allah, mengkono uga
masang kémah kanggo Pethi mau.
2 Sawisé mengkono Raja Dawud
ngandika, "Sing olèh ngangkat Pethi
mung wong Lèwi dhéwé, merga wong-
wong kuwi sing wis dipilih déning Allah
kanggo mikul Pethi mau lan ngladosi
Panjenengané selawas-lawasé."
3 Raja Dawud banjur dhawuh supaya
wong Israèl kabèh padha nglumpuk ing
Yérusalèm, arep diajak mindhah Pethi
Prejanjiané Allah menyang panggonan
sing wis dicawisaké.

4 Anak-turuné Harun lan wong Lèwi uga
didhawuhi nglumpuk kabèh.
5 Wong Lèwi sing teka yakuwi: gotrah
Kéhat, cacahé 120, dipimpin déning
Urièl.
6 Gotrah Mérari, wong 220, dipimpin
déning Asaya.
7 Gotrah Gèrson, wong 130, dipimpin
déning Yoèl.
8 Kaum Èlsafan, wong 200, dipimpin
déning Semaya.
9 Gotrah Hébron, wong 80, dipimpin
déning Èlièl.
10 Gotrah Uzièl, wong 112, dipimpin
déning Aminadab.
11 Raja Dawud banjur nimbali Imam
Zadok lan Imam Abyatar, sarta wong
Lèwi nenem liyané, yakuwi: Urièl, Asaya,
Yoèl, Semaya, Élièl lan Aminadab.
12 Pangandikané Raja Dawud marang
wong-wong mau, "Kowé kuwi para
pemimpining gotrah-gotrahé taler
Lèwi. Mulané kowé padha nucèkna
awakmu, supaya diparengaké mindhah
Pethi Prejanjiané Pangéran, Allahé
Israèl, menyang panggonan sing wis
dakcawisaké.

13 Dhèk biyèn, nalika kita mindhah Pethi
mau, kowé padha ora teka lan ora mèlu
nggawa Pethiné. Mulané Pangéran Allah
kita ngukum marang kita, merga kita
padha nindakaké pangibadah, nanging
ora manut kersané."
14 Dadi, para imam lan wong Lèwi
padha sesuci, supaya kepareng ngelih
Pethi Prejanjiané Pangéran, Allahé Israèl.
15 Nalika dipindhah, Pethi mau dipikul
nganggo pikulan kayu, ditumpangaké
ing pundhak, miturut prenatan sing
diparingaké déning Allah lantaran Musa.
16 Raja Dawud uga ndhawuhi para
pemimpiné wong Lèwi supaya ana
sawetara sing menyanyi nyanyian
kabungahan, dibarengi uniné clempung
lan kecèr.
17 Saka ing antarané kulawarga-
kulawarga sing menyanyi dipilih wong
sawetara sing ngunèkaké kentrung
prunggu, yakuwi: Héman bin Yoèl karo
sanak seduluré, Asaf bin Bèrékia, lan
Étan bin Kusaya saka kulawarga Mérari.
Lan kanggo mbarengi kentrung mau
dipilih wong Lèwi sawetara ngunèkaké
clempung sing swarané dhuwur, yakuwi:
Zakharia, Yaasièl, Semiramot, Yehièl,

Uni, Éliab, Maaséya lan Benaya.
Kanggo ngunèkaké kecapi sing swarané
cendhèk dipilih wong-wong Lèwi liyané:
Matica, Èlifèlèt, Miknéya, Azazia lan
pengawal Pedalemané Allah loro, yakuwi
Obèd-Édom lan Yeièl.
18 (15:17)
19 (15:17)
20 (15:17)
21 (15:17)
22 Sing dipilih dadi penggedhéné para
wong sing ngunèkaké clempung lan
kentrung mau Kenania, merga wong
kuwi ahli musik.
23 Bèrékia lan Èlkana, bebarengan
karo Obèd-Édom lan Yehia dipilih dadi
pengawalé Pethi Prejanjiané Allah.
Imam-imam sing dipilih ngunèkaké
slomprèt ing ngarepé Pethi yakuwi:
Sebanya, Yosafat, Natanaèl, Amasai,
Zakharia, Benaya lan Élièzer.
24 (15:23)
25 Raja Dawud bebarengan karo para
pemimpiné Israèl lan para perwira padha
mangkat menyang omahé Obèd-Édom,
arep njupuk Pethi Prejanjiané Allah.
Ana ing kono padha nganakaké pésta
gedhèn.

26 Padha saos kurban marang Pangéran
rupa sapi lanang pitu lan wedhus gèmbèl
pitu, supaya Gusti Allah kersa mitulungi
wong Lèwi sing padha mikul Pethiné
Prejanjian mau.
27 Nalika semono Raja Dawud nganggo
jubah léna alus, mengkono uga wong-
wong sing padha ngunèkaké clempung
lan kentrung, sarta Kenania pemimpiné
lan wong-wong Lèwi sing padha mikul
Pethiné. Raja Dawud uga ngagem léna
éfod.
28 Umat Israèl kabèh padha metu
ngiringaké Pethi Prejanjian mau nganti
tekan Yérusalèm karo surak-surak
tandha bungah, dibarengi uniné
slomprèt, nafiri, kentrung lan kecapi.
29 Nalika Pethiné digawa mlebu ing
kutha, Mikhal anaké Raja Saul, garwané
Raja Dawud, nginguk saka jendhéla
lan weruh Raja Dawud jogèdan karo
jingkrak-jingkrak saka bungahé, mulané
Mikhal dadi éwa marang Raja Dawud.

16

1 Pethi Prejanjian mau digawa
mlebu ing kémah sing wis
dicawisaké. Sawisé mengkono banjur
padha nyaosaké kurban obongan lan
kurban keslametan marang Allah.

2 Sarampungé saos kurban Raja Dawud
banjur mberkahi rakyat atas asmané
Pangéran,
3 nuli ngedum panganan marang
wong-wong mau kabèh. Saben wong
sing ana ing kono diparingi roti, daging
panggang, kismis lan anggur.
4 Ana wong Lèwi sawetara sing diangkat
déning Raja Dawud didhawuhi mimpin
upacara pangibadah marang Pangéran,
Allahé Israèl, ana ing ngarepé Pethi
Prejanjian, nganggo kekidungan lan
puji-pujian.
5 Sing dipilih dadi pemimpin mau
Asaf; Zakharia diangkat dadi wakilé.
Sing ngunèkaké clempung, Yeièl,
Semiramot, Yehièl, Matica, Éliab,
Benaya, Obèd-Édom lan Yeièl. Asaf
ngunèkaké kentrung,
6 lan imam loro, yakuwi Benaya lan
Yahazièl dikon ngunèkaké slomprèt ing
ngarepé Pethi Prejanjian mau.
7 Mengkono kawitané Raja Dawud
ngangkat Asaf lan kanca-kancané dadi
penyanyi sing ngidungaké nyanyian
marang Allah.

8 Ngaturna panuwun marang Pangéran
lan undhangna kamulyané, critakna
kabecikané ing antarané para bangsa.
9 Aturna nganggo nyanyian
pangalembana marang Pangéran.
Sakèhé pendamelé kang élok critakna!
10 Kita rak para kagungané, mulané ayo
padha bungah-bungah. Sakèhé wong
sing nyembah Panjenengané padha
bungah-bungaha.
11 Padha mareka marang Pangéran
nyuwun kekuwatan. Padha nyembaha
tanpa kendhat.
12 Hé anak-turuné Yakub, para abdiné
Allah! Hé anak-turuné Israèl, umat
pilihané! Élinga marang kaélokan sing
katindakaké déning Allah, dhawuh-
dhawuhé padha lakonana.
13 (16:12)
14 Panjenengané kuwi Pangéran, Allah
kita. Pangwasané ngliputi wrata sajagad.
15 Janjiné aja pisan-pisan dilirwakaké,
aja dilalèkaké ing selawas-lawasé.
16 Janjiné didamel karo Abraham, lan
diambali karo Iskak,
17 banjur dikekahaké karo Yakub, dadi
janji sing langgeng karo Israèl.

18 "Kowé bakal Dakparingi tanah
minangka warisan," mengkono dhawuhé
Allah.
19 Umaté Allah ana ing kana dadi wong
manca, tur cacahé mung sethithik;
20 padha nglembara ing tanah kana lan
tanah kéné, saka bangsa siji menyang
sijiné.
21 Allah ora négakaké bangsané
disiya-siya; merga saka umaté raja-raja
diélikaké,
22 "Umat pilihan-Ku aja kokganggu, aja
nggepok nabi-nabi-Ku."
23 Hé wong salumahé bumi, keslametan
peparingé wartakna saben dina.
24 Kaluhurané critakna marang para
bangsa, kaélokané marang para umat
sajagad.
25 Kamulyané Pangéran pinuji-pujia,
kasaosana kaurmatan ngungkuli para
déwa.
26 Déwa-déwané bangsa liya rak mung
reca, nanging Allah kita iku kang
nitahaké jagad raya.
27 Kaluhuran lan kamulyan dadi
agemané, pangwasa lan kamuktèn ana
ing dalemé.

28 Hé sakèhé umat, Pangéran pujinen!
Pinujia kamulyan lan pangwasané.
29 Pujinen Asmané kang mulya, saosana
kurban ing Pedalemané. Atimu sucèkna
kagem Panjenenganè samangsa sujud
nyembah ing ngarsané.
30 Hé bumi saisiné kabèh, padha
getera ing ngarsané Allah; jagad wis
disentosakaké, temah ora owah gingsir.
31 Hé langit lan bumi, padha surak-
suraka klawan bungah! Padha wartakna
marang bangsa-bangsa yèn Allah iku
Raja!
32 Hé segara, padha gemuruha lan
kabèh sing urip ana ing njeromu. Hé
ara-ara lan kabèh sing tuwuh ing kono,
tansah padha bungah-bungaha.
33 Wit-witan ing alas bakal padha
surak-surak; ing ngarsané Pangéran
bakal padha suka-suka, samangsa
Pangéran rawuh ngadili jagad.
34 Saosa sukur marang Pangéran! Awit
sih-katresnané tanpa wangenan.
35 Nyebuta, "Dhuh Allah, Panjenengan
menika Juru Wilujeng kawula; kersaa
ngentas kawula lan nglempakaken
kawula malih. Kersaa ngluwari kawula,
dhuh Allah, saking blenggunipun

bangsa-bangsa ingkang sami njajah!
Temah asma Paduka ingkang suci badhé
kawula puji; namung dhateng Paduka
piyambak kawula badhé saos panuwun."
36 Pujinen Pangéran, Allahé Israèl!
Samengko lan selawas-lawasé! Sawisé
Asaf lan wong-wong Lèwi rampung
enggoné nglagokaké nyanyian mau,
umat Israèl kabèh banjur ngucap,
"Amin," sarta padha ngluhuraké asmané
Pangéran.
37 Raja Dawud nuli ndhawuhi Asaf lan
wong-wong Lèwi liyané supaya saterusé
padha ngurusi prekara-prekara sing
magepokan karo pangibadah ing kémah,
panggonan sing kanggo nyimpen Pethi
Prejanjiané Allah. Saben dina kudu
padha nglakoni pegawéané ana ing
kono,
38 diréwangi déning Obèd-Édom bin
Yedhutun, lan wong sewidak liyané
nunggal gotrah. Obèd-Édom lan Hosa
dadi pengawalé lawang-lawangé gapura.
39 Nanging Imam Zadok lan imam-imam
liyané didhawuhi ngurus pangibadah
sing ana ing Gibéon.
40 Saben ésuk lan soré wong-wong mau
kudu padha nyaosaké kurban obongan

ing mesbèh miturut prenatan-prenatan
sing kaparingaké déning Pangéran
marang umat Israèl.
41 Imam Zadok lan imam-imam mau
diréwangi déning Héman lan Yedhutun
sarta wong-wong liyané sing dipilih
kusus kanggo nglagokaké nyanyian:
"Kidung konjuk marang Pangéran, merga
sih-kadarmané langgeng ing selawasé."
42 Héman lan Yedhutun uga
kadhawuhan ngurus slomprèt, kentrung
lan alat musik liya-liyané kanggo
mbarengi kekidungan sing dilagokaké.
Wong-wong liyané sing tunggal gotrah
karo Yedhutun kadhawuhan jaga
lawang-lawanging gapura.
43 Wong kabèh nuli padha mulih
menyang omahé dhéwé-dhéwé.
Mengkono uga Raja Dawud nuli kondur
tilik brayaté.

17 1 Bareng wis manggon ing
kedhaton, Raja Dawud ing
sawijining dina nimbali Nabi Natan,
dingandikani mengkéné, "Aku iki
manggon ing kedhaton sing digawé saka
kayu cemara Libanon, mangka Pethi
Prejanjiané Pangéran mung disèlèhaké
ana ing kémah!"

2 Nabi Natan mangsuli, "Sumangga
Sang Prabu kula aturi nindakaken
menapa ingkang kagalih prayogi, mergi
Allah badhé mitulungi."
3 Nanging bengi kuwi Allah ngandika
marang Natan,
4 "Maranana Dawud lan kandhaa
mengkéné, ‘Dudu kowé sing bakal yasa
omah kanggo Aku.
5 Wiwit nalika bangsa Israèl Dakluwari
saka tanah Mesir tekan sepréné, Aku
durung tau manggon ana ing omah,
nanging selawasé sumèlèh lan manggon
ana ing kémah.
6 Sajroné nglembara mau durung tau
Aku ndangu marang para pemimpin
sing Dakangkat, apa sebabé Aku ora
digawèkaké omah saka kayu cemara
Libanon.’"
7 "Mulané, Natan, kandhaa karo Dawud,
yèn Aku, Pangéran sing Mahakwasa,
ngandika mengkéné, ‘Kowé wis Dakjupuk
saka pegawéanmu angon wedhus ing
ara-ara samun lan Dakdadèkaké rajané
umat-Ku Israèl.
8 Kowé wis Daktulungi menyang endi
waé paranmu, lan samasa kowé perang
sakèhé mungsuhmu wis Daktumpes;

saiki kowé bakal Dakdadèkaké wong
sing misuwur kaya pemimpin-pemimpin
sing gedhé dhéwé ana ing bumi kéné.
9 Karo menèh umat-Ku Israèl wis
Dakparingi tanah pusaka, supaya padha
bisa urip tentrem, tanpa ana sing
ngganggu. Wiwit biyèn nalika padha
mlebu manggon ing tanah kéné lan
Aku ngangkat para pemimpiné, umat
kuwi sok diserang déning wong-wong
sing seneng gawé cilaka. Nanging
sing mengkono mau bakal ora kelakon
menèh. Aku janji bakal nelukaké sakèhé
mungsuhmu, lan kowé bakal Dakparingi
turun.
10 (17:9)
11 Mbésuk samasa kowé tinggal-donya
lan dikubur ing kuburé leluhurmu,
anakmu salah siji bakal Dakdadèkaké
raja. Kuwi sing bakal yasa omah kanggo
Aku lan kratoné bakal Daksentosakaké
ing selawasé.
12 (17:11)
13 Aku bakal dadi Ramané lan wong
mau dadi anak-Ku. Janji-Ku iki ora bakal
Dakjabel kaya sing kedadéan karo Saul.
Saul Daklèngsèr saka kalungguhané,
supaya kowé bisa dadi raja.

14 Bab yasa Pedaleman-Ku lan mbangun
kraton-Ku bakal saterusé Dakpasrahaké
marang anakmu sing Dakpilih.
Dhamparé kraton bakal dilungguhi
déning anak-putumu turun-temurun.'"
15 Nabi Natan ngucapaké apa sing
dingandikakaké déning Allah mau kabèh
marang Raja Dawud.
16 Dawud banjur mlebu ing Kémah
Palenggahané Allah, lungguh lan
ndedonga mengkéné, "Dhuh Allah,
kawula lan brayat kawula mboten
pantes nampi berkah ingkang Paduka
lubèraken.
17 Malah Paduka sampun nindakaken
ingkang langkung saking menika,
mergi sampun paring janji ugi dhateng
anak-turun kawula ing mbénjingipun.
Paduka sampun ngurmati kawula kados
pengageng.
18 Kawula mboten saged matur
menapa-menapa ing ngarsa Paduka,
dhuh Allah. Paduka pirsa sinten kawula
menika, éwasemanten Paduka paring
kaurmatan dhateng kawula, abdi
Paduka.
19 Awit saking kersa Paduka piyambak,
lan manut rancangan Paduka piyambak

Paduka sampun nindakaken samukawis
menika sarta mratélakaken dhateng
kawula kaluhuran ingkang badhé kawula
alami ing mangsa ingkang badhé
kelampahan.
20 Mboten wonten allah ingkang
nyamèni Paduka, lan wiwit kala rumiyin
kawula mangertos, bilih mboten wonten
allah sanèsipun kejawi namung Paduka.
21 Ing salumahing bumi mboten
wonten bangsa ingkang kados bangsa
Israèl. Namung bangsa Israèl kémawon
lan mboten wonten sanès ingkang
Paduka luwari saking penjajahan.
Paduka dadosaken umat kagungan
Paduka piyambak. Mergi saking sedaya
kaélokan ingkang Paduka tindakaken
dhateng umat menika asma Paduka
dados misuwur ing sajagad. Paduka
sampun ngluwari umat Paduka saking
tanah Mesir lan sampun nyingkiraken
bangsa-bangsa sanèsipun ingkang
ngalang-alangi dhateng umat Paduka.
22 Bangsa Israèl sampun Paduka
dadosaken umat kagungan Paduka
piyambak ngantos ing selami-laminipun.
Sarta Paduka jumeneng dados
Allahipun."

23 "Samenika dhuh Allah, mugi Paduka kersa ngekahahaken ing selaminipun janji ingkang sampun Paduka paringaken dhateng kawula lan anak-turun kawula lan mugi kersa ngleksanani menapa ingkang sampun Paduka janjèkaken menika.
24 Asma Paduka badhé saya kaluhuraken, ngantos tiyang selaminipun sami badhé ngucap, ‘Allahé Israèl kuwi Allah Kang Mahakwasa.’ Sarta kulawarga kawula turun-temurun badhé Paduka dadosaken raja tumrapipun bangsa menika.
25 Anggèn kawula ngaturaken pandonga menika mboten sanès mergi Paduka piyambak sampun mratélakakaken prekawis menika sedaya dhateng abdi Paduka, sarta inggih mergi Paduka piyambak ingkang paring sumerep dhateng kawula, bilih anak-putu kawula badhé Paduka reksa lan Paduka rimati ngantos mboten badhé sirna.
26 Inggih namung Paduka piyambak menika ingkang jumeneng Allah, ingkang sampun njanjèkaken prekawis menika dhateng kawula.

27 Pramila panyuwun kawula, kersaa tansah mberkahi dhateng anak-turun kawula supados selaminipun sami angsala sih Paduka. Paduka sampun paring berkah dhateng umat Paduka, dhuh Allah, pramila badhé tansah sami binerkahan ing selaminipun."

18 1 Ora wetara suwé Raja Dawud nglurug perang nyerang wong Filistin. Wong Filistin kalah. Kutha Gat lan désa-désa sakiwa-tengené direbut déning Raja Dawud.

2 Raja Dawud iya nelukaké wong Moab, mula Moab kudu mbayar pajeg marang Raja Dawud.

3 Semono uga nyerang Hadadèzèr, yakuwi raja Zoba, sacedhaké wilayah Hamat ing tanah Siria. Nalika semono Hadadèzèr lagi mulih saka peprangan netepaké pangwasané ing wilayah sacedhaké Bengawan Éfrat.

4 Raja Dawud bisa ngrampas saka Hadadèzèr kréta perang 1.000 lan nawan prejurit-jaranan 7.000 sarta prejurit infanteri 20.000. Raja Dawud nisihaké jaran sawetara kanggo nyawisi krétané perang 100. Jaran liya-liyané digawé cacad sikilé.

5 Nalika wong Siria saka Damsyik kirim tentara kanggo nulung Raja Hadadèzèr, tentara mau diserang déning Raja Dawud lan cacahé sing dipatèni wong 22.000.

6 Raja Dawud banjur ngedegaké tangsi-tangsi militèr ing daérah kono lan wong kono kudu padha mbayar pajeg. Pangéran paring kemenangan marang Raja Dawud ana ing peprangan endi waé.

7 Tamèng-tamèng emas sing dienggo balané Hadadèzèr dirampas kabèh lan digawa menyang Yérusalèm.

8 Kejaba kuwi Raja Dawud ngrampas prunggu akèh banget saka Tibhat lan Kun, yakuwi kutha-kutha sing biyèn dadi jajahané Hadadèzèr. (Prunggu kuwi mbésuké dipigunakaké déning Suléman kanggo gawé bak, cagak-cagak lan bekakas kanggo upacara pangibadah ing Pedalemané Allah.)

9 Raja Tou ing Hamat mireng yèn Raja Dawud wis nelukaké tentarané Hadadèzèr kabèh.

10 Mulané banjur utusan putrané, yakuwi Hadoram, supaya ngaturaké salam marang Raja Dawud ngayubagya kemenangané, merga Tou kuwi wis

suwé memungsuhan karo Hadadèzèr.
Hadoram nyaosaké bulubekti rupa emas,
slaka lan prunggu marang Raja Dawud.
11 Barang-barang mau kabèh disaosaké
déning Dawud marang Allah digawé
bekakas kanggo upacara pangibadah.
Semono uga sakèhé emas lan slaka
sing dirampas saka bangsa-bangsa sing
ditelukaké, yakuwi bangsa Édom, Moab,
Amon, Filistia lan Amalèk.
12 Wong Édom ing Lebak Asin ditelukaké
déning Abisai; ibuné jeneng Zeruya.
Abisai matèni wong Édom, cacahé
18.000.
13 Ing Édom kono Abisai ngedegaké
tangsi-tangsi militèr, temahan wong
Édom dadi rakyaté Raja Dawud.
Pangéran paring kemenangan marang
Raja Dawud ing peprangan endi waé.
14 Kaya mengkono Raja Dawud enggoné
ngratoni satanah Israèl kabèh, rakyaté
dijaga lan dirèh déning para punggawa
klawan adil lan ing samesthiné.
15 Para pegawéné Raja Dawud sing
pangkaté dhuwur yakuwi: Panglima
perang: Yoab kakangné Abisai;
Sèkretaris negara: Yosafat bin Ahilud;
Imam Agung: Zadok bin Ahitub lan

Akhimèlèkh bin Abyatar; Sèkretaris
kedhaton: Sausa; Penggedhé pengawalé
pribadi raja: Benaya bin Yoyada.
Para putrané Raja Dawud padha dadi
punggawa-punggawa penting.
16 (18:15)
17 (18:15)

19

1 Ora wetara suwé Nahas, Raja
Amon, séda lan Hanun, putrané
ngganti dadi raja.
2 Raja Dawud ngunandika mengkéné,
"Nahas kuwi mitraku sing becik, mulané
aku ya kudu memitran karo Hanun,
anaké." Dawud banjur utusan menyang
tanah Amon saprelu atur béla sungkawa.
Satekané ing Amon,
3 para pemimpiné negara ing kono
padha matur karo Raja Hanun, "Menapa
panjenengan kinten Raja Dawud utusan
mriki atur béla sungkawa menika
kanggé ngurmati kang rama? Mesthi
mboten! Tiyang-tiyang menika kautus
mriki kapurih sami nliti kawontenanipun
negari kita, prelunipun mangké badhé
dipun lurugi perang lan dipun rebat!"
4 Para utusan mau banjur dicekel déning
Hanun; jénggoté padha dicukur sesisih,

sandhangané dikethok tekan cethik, nuli
dikon lunga.
5 Para utusan mau arep bali menyang
negarané isin. Bareng Raja Dawud
mireng lelakon mau banjur kirim utusan
karo diweling supaya para utusan padha
ngentèni dhisik ana ing Yérikho nganti
jénggoté thukul menèh.
6 Raja Hanun lan wong Amon padha
ngrumangsani yèn tumindaké mau
gawé seriké Raja Dawud. Mulané banjur
padha kirim slaka 34.000 kilogram
menyang tanah Mésopotamia Dhuwur
lan menyang Maaka lan Zoba ing Siria
kanggo nyéwa kréta perang 12.000
lan tentara jaranan. Raja Maaka uga
nuli teka karo krétané perang séwan
mau lan pasang kémah ing sacedhaké
Médeba. Wong Amon iya padha teka
saka kutha-kuthané kabèh arep maju
perang.
7 (19:6)
8 Bareng Raja Dawud mireng sing
mengkono mau banjur dhawuh marang
Yoab ngerigaké angkatan perangé kabèh
methukaké mungsuh.
9 Wong Amon nata barisané ing ngarepé
gapura kutha Raba, kutha krajané Amon,

déné para raja sing padha teka mbiyantu
ngatur barisané ana ing ara-ara.
10 Yoab rumangsa kejepit ing antarané
pasukan mungsuh sing ana ing ngarep
lan ing mburi. Mulané banjur milih
prejurit-prejurit sing peng-pengan
dhéwé diprenahaké adhep-adhepan karo
tentara Siria.
11 Déné tentara Israèl liyané
dipasrahaké Abisai, adhiné, sing
ngatur barisané adu-arep karo tentara
Amon.
12 Pangucapé Yoab marang adhiné, "Yèn
aku kwalahen ngadhepi tentara Siria,
kowé énggal tekaa. Kosokbaliné yèn
kowé kwalahen ngadhepi tentara Amon,
aku mesthi teka nulungi kowé.
13 Sing tabah atimu! Ayo padha maju
sing kendel kanggo bangsa kita lan
kanggo kutha-kuthané Allah kita.
Muga-muga kersané Pangéran kelakon."
14 Yoab lan tentarané banjur nyerbu,
mula tentara Siria buyar.
15 Bareng wong Amon weruh tentara
Siria keplayu banjur padha mèlu mlayu
saka ngarepé Abisai mlebu kutha.
Sawisé mengkono Yoab banjur mulih
menyang Yérusalèm.

16 Sarèhné rumangsa kalah perangé
karo wong Israèl, wong Siria banjur
ngerigaké tentarané ing daérah
sawétané Bengawan Éfrat, arep nglurug
perang menèh, dipimpin déning Sofah,
panglimané angkatan perang Hadadèzèr,
Raja Zoba.
17 Mireng lelakon mau Raja Dawud
banjur ngerigaké tentara Israèl,
nyabrang Kali Yardèn lan nata barisané
adhep-adhepan karo wong Siria. Banjur
wiwit nyerbu,
18 lan tentara Siria dikalahaké déning
tentara Israèl. Raja Dawud lan balané
matèni tentara sing nunggang kréta
cacahé 7.000 lan tentara infanteri
Siria cacahé 40.000. Sofah panglimané
tentara Siria iya katut dipatèni.
19 Bareng para raja sing mbiyantu
Hadadèzèr ngerti yèn kalah, banjur
padha ngajak bedhamèn karo Dawud,
pasrah bongkokan. Sapungkuré lelakon
mau wong Siria ora gelem mbiyantu
wong Amon menèh.

20 1 Bareng mangsa ketiga candhaké,
yakuwi mangsané raja-raja adaté
padha nglurug perang, Yoab karo
tentarané ngrebut tanah Amon. Nalika

semono Raja Dawud ora bebarengan,
nanging kari ing Yérusalèm. Yoab lan
tentarané ngepung kutha Raba; kutha
mau diserang lan digempur nganti rata
karo lemah.
2 Sawisé mengkono Raja Dawud rawuh,
mundhut makutha emas saka mestakané
raja Amon lan diagem ing mestakané
dhéwé. Makutha mau boboté kira-kira 34
kilogram, ana matané akik sing adi siji.
Saka kutha mau Raja Dawud mboyong
barang rampasan akèh banget.
3 Penduduké diboyong lan dipeksa
nyambut-gawé nggraji, nggarap lemah
lan negor kayu. Semono uga penduduk
kutha-kutha ing Amon liyané. Sawisé
mengkono Raja Dawud lan tentarané
kabèh banjur bali menyang Yérusalèm.
4 Sawisé kedadéan mau ora wetara
suwé Israèl perang menèh karo wong
Filistin ing kutha Gèzèr. Ing peprangan
mau Sibkhai wong Husa, matèni wong
gedhé-dhuwur sing jeneng Sipai. Mula
wong Filistin iya banjur kalah.
5 Ing peprangan liyané karo wong
Filistin, Èlhanan bin Yair matèni Lahmi,
sedulur é Goliat, wong Gat. Tumbaké
Lahmi mau garané padha karo gedhéné

kayu ing mesin tenun, sing kanggo
nggulung mori.
6 Nalika perang ing Gat menèh, ana
wong gedhé-dhuwur sing saben tangané
drijiné nem, mengkono uga ing saben
sikilé. Kuwi turuné wong jaman biyèn.
7 Wong mau ngala-ala wong Israèl,
mulané banjur dipatèni déning Yonatan
bin Syama, kakangné Raja Dawud.
8 Wong gedhé-dhuwur telu-teluné sing
dipatèni déning Raja Dawud lan balané
mau anak-turuné buta ing Gat.

21 1 Iblis kepéngin gawé cilakané
bangsa Israèl. Mulané Raja Dawud
dibujuk supaya nganakaké cacah-jiwa.
2 Raja Dawud banjur dhawuh marang
Yoab lan para perwiranέ tentara
mengkéné, "Padha midera satanah
Israèl kabèh, wong kabèh itungen; aku
kepéngin ngerti pira cacahé."
3 Wangsulané Yoab, "Mugi Pangéran
nikelaken rakyat Israèl ngantos kaping
satusipun samenika. Panjenengan
rak sampun pirsa, bilih rakyat sedaya
sampun dados kawulanipun Sang
Prabu? Dados menapa ginanipun
ngawontenaken cacah-jiwa? Menawi

menika ketitik lepat rak sabangsa sedaya
badhé nyanggi paukumanipun."
4 Nanging Raja Dawud meksa ndhawuhi
Yoab nindakaké cacah-jiwa mau. Yoab
banjur mangkat ndlajahi satanah Israèl
kabèh, banjur bali menyang Yérusalèm,
5 nglapuraké asilé cacah-jiwa mau.
Cacahé wong lanang sing bisa dadi
tentara ing daérah Israèl ana 1.100.000
lan ing daérah Yéhuda 470.000.
6 Taler Lèwi lan Bènyamin ora klebu
ing cacah mau. Yoab ora nyacahaké
wong-wong Lèwi lan Bènyamin merga
ora seneng nindakaké dhawuhé Sang
Prabu.
7 Gusti Allah ora rena ing penggalih
karo anané cacah-jiwa mau. Mulané
Israèl banjur diukum.
8 Raja Dawud banjur ndedonga marang
Allah, aturé, "Kawula sampun damel
dosa! Mugi kersa paring pangapunten,
mergi ingkang kawula lampahi menika
pendamel ingkang bodho sanget."
9 Pangéran ngandika marang Nabi Gad,
penaséhat pribadiné Raja Dawud,
10 dhawuhé, "Dawud paranana lan
kandhaa yèn ana telung prekara

sing kena dipilih salah siji. Aku bakal
nindakaké apa sing dipilih mau."
11 Nabi Gad banjur budhal sowan Sang
Prabu Dawud lan ngaturaké dhawuhé
Allah, aturé, "Panjenengan kedah milih
salah setunggal saking tigang prekawis
menika:
12 Tigang taun awis tedha; dipun
kuya-kuya déning mengsah tigang
wulan, menapa tigang dinten laminipun
dipun gebag déning Pangéran srana
pageblug, sebab Malaékating Pangéran
badhé ndhatengaken pepejah wradin
satanah Israèl sedaya. Kula aturi milih
samenika ugi supados kula saged matur
dhateng Pangéran."
13 Wangsulané Raja Dawud, "Aku
judheg! Nanging aku emoh diukum
déning manungsa. Luwih becik kita
tampa paukumané Allah waé, merga
Allah mono gedhé katresnané."
14 Pangéran banjur nekakaké pageblug
wujud lelara marang wong Israèl, nganti
cacahé wong sing mati ana pitung puluh
èwu.
15 Gusti Allah banjur ngutus Malaékat
nggempur kutha Yérusalèm. Nanging
bareng Malaékat mau wis mèh tekan

panggonan penggilingan gandum
duwèké Arauna, wong Yébus, Pangéran
nuli keduwung. Lan ngandika marang
Malaékat sing kautus mau, "Wis, cukup
seméné waé! Mandhega!"
16 Raja Dawud weruh Malaékat mau
nglayang ing antarané langit lan bumi,
ngasta pedhang, siaga nggempur
kutha Yérusalèm. Raja Dawud lan para
pemimpiné rakyat nganggo sandhangan
bagor mretandhani enggoné getun lan
nlangsani dosané, banjur padha sujud
sumungkem ing bumi.
17 Pandonganė Raja Dawud, "Dhuh
Allah, kawula ingkang damel dosa.
Kawula ingkang akèn ngawontenaken
cacah-jiwa. Nanging menggahing
bangsa menika, menapa lepatipun?
Mugi ngukum kawula lan brayat kawula,
nanging umat menika mugi katebihna
saking paukuman!"
18 Sawisé mengkono Nabi Gad
banjur diutus déning Malaékating
Pangéran kandha supaya Raja Dawud
yasa mesbèh kagem Pangéran ing
penggilingan gandumé Arauna.

19 Raja Dawud nuli budhal kaya sing didhawuhaké déning Allah lantaran Nabi Gad.

20 Ana ing penggilingan gandum mau, Arauna lan anaké lanang papat lagi padha nyambut-gawé. Bareng weruh Malaékaté Pangéran, bocah papat mau banjur padha mlayu umpetan.

21 Bareng Arauna weruh Raja Dawud rawuh banjur dibagèkaké karo sujud sumungkem ing bumi.

22 Pangandikané Raja Dawud, "Aku kepéngin gawé mesbèh ing kéné kagem Gusti Allah, supaya pageblug iki sirep. Matura pira regané lemah iki, bakal dakbayar."

23 Aturé Arauna, "Dhuh Sang Prabu, Panjenengan agem kémawon, lan sumangga nindakna menapa ingkang panjenengan kersakaken. Mangga menika lembu-lembu kagem kurban obongan. Papan-papan penggilingan menika prayogi panjenengan agem mbesmi kurban. Mangga kula aturi mundhut gandum kagem saosan. Menika sedaya kula saosaken mboten mawi mbayar."

24 Nanging Raja Dawud mangsuli,
"Aja! Arep daktuku lan dakbayar apa
mesthiné. Aku moh nyaosaké apa-apa
marang Allah saka barang-darbèkmu
utawa saos kurban obongan nganggo
barang wéwéhan."
25 Raja Dawud banjur nuku lemah mau
saka Arauna rega 600 dhuwit emas.
26 Ing panggonan kono Raja Dawud
ngedegaké mesbèh kagem Pangéran,
sarta saos kurban obongan lan kurban
keslametan. Dawud banjur ndedonga
lan Pangéran paring wangsulan marang
pandongané mau srana nekakaké geni
saka langit, nyamber kurban sing ana
ing mesbèh mau nganti kobong kabèh.
27 Pangéran banjur ndhawuhi Malaékaté
nglebokaké pedhangé ing rangkané
menèh, supaya pageblugé sirep.
28 Kaya mengkono Pangéran enggoné
paring wangsulan marang pandongané
Raja Dawud, nalika Raja Dawud
nyaosaké kurban ing mesbèh sing ana
ing penggilinganė Arauna.
29 Nalika semono Kémah Palenggahané
Allah sing digawé déning Musa ing
ara-ara samun lan mesbèh kanggo

kurban obongan, isih ana ing papan
pangibadah ing Gibéon.
30 Nanging Raja Dawud ora wani mrana
ndedonga marang Allah, merga wedi
karo Malaékaté Pangéran sing ngasta
pedhang mau.

22 1 Mulané Raja Dawud banjur
ngandika mengkéné, "Ing
panggonan kéné kudu dibangun
Pedalemané Allah. Lan ana ing mesbèh
kéné wong Israèl padha nyaosna kurban
obongan marang Allah."
2 Raja Dawud nglumpukaké wong
manca kabèh sing manggon ing
tanah Israèl. Wong-wong mau ana
sing didhawuhi natah watu kanggo
ngedegaké Pedalemané Allah.
3 Raja Dawud uga nglumpukaké wesi
akèh kanggo gawé paku lan èngsèlé
lawang-lawangé gapura kayu. Prunggu
sing diklumpukaké uga akèh banget,
nganti boboté ora kena ditimbang.
4 Raja Dawud iya pesen kayu cemara
Libanon akèh banget saka wong Tirus
lan Sidon.
5 Kuwi mau kabèh ditindakaké merga
ing batin duwé osik mengkéné,
"Pedalemané Allah sing arep diyasa

déning anakku Suléman kudu éndah
banget lan kondhang dhéwé sajagad.
Nanging Suléman isih nom lan durung
duwé pengalaman, mulané aku kudu
nyawisaké sekabèhé." Dadi sadurungé
séda Raja Dawud nyawisaké bahan
bangunan akèh banget.
6 Raja Dawud nimbali Suléman,
putrané, lan didhawuhi yasa Pedalemané
Allah, sing disembah déning umat Israèl,
7 ngandikané, "Suléman, anakku, wis
suwé enggonku kepéngin yasa Dalem
kanggo ngurmati Pangéran, Allahku.
8 Nanging Pangéran ngandika yèn aku
iki wis kekerepen perang lan matèni
wong akèh banget. Mulané Pangéran
ora marengaké aku yasa Dalem kagem
Panjenengané.
9 Éwasemono, Panjenengané janji karo
aku mengkéné, ‘Kowé bakal duwé anak
lanang. Kuwi sing bakal ngerèh umat
Israèl sajroning katentreman lan Aku
bakal mitulungi dhèwèké, mula ora
ana peprangan. Jenengé bakal disebut
Suléman,[o] merga selawasé dadi raja,
Israèl bakal ngalami katentreman.

---

[o]Suléman: Saking tembung Ibrani "Syalom," tegesipun tentrem lan ayem.

10 Ya anakmu kuwi sing bakal yasa
Dalem kanggo Aku. Aku bakal dadi
Ramané lan dhèwèké dadi putra-Ku.
Dhamparé keprabon Israèl bakal ora
sumingkir saka anak-turunmu ing
selawas-lawasé.'"
11 Pangandika sabanjuré, "Saiki anakku,
muga-muga Pangéran Allahmu tansah
mitulungi kowé. Lan muga-muga kowé
bisa yasa Pedalemané Allah kaya sing
dijanjèkaké.
12 Muga-muga kowé kaparingan
kawicaksanan lan pangertèn supaya
bisa ngerèh Israèl miturut prenatan-
prenatané Pangéran.
13 Yèn kowé nglakoni sakèhé prenatané
Pangéran kang kaparingaké marang
Israèl lantaran Musa, kowé mesthi bakal
olèh gawé. Kowé kudu kendel lan tatag.
Aja wedi ngadhepi apa waé.
14 Klawan ngrekasa enggonku
nglumpukaké emas 3.400 ton, slaka
34.000 ton kanggo yasa Pedalemané
Allah. Kejaba kuwi ana prunggu lan wesi
sing ora kena diétung pira akèhé. Kayu
lan watu wis dakcawisaké, nanging isih
kudu koktambahi menèh.

15 Kowé mbutuhaké tenaga akèh,
kayata: tukang ukir watu, tukang kayu,
tukang batu lan akèh menèh wong ahli
kanggo nandangi pegawéan,
16 kanggo nggarap emas, slaka,
prunggu lan wesi. Wis, énggal
tumandanga! Muga-muga Pangéran
mitulungi kowé."
17 Raja Dawud dhawuh marang para
pemimpiné Israèl kabèh supaya padha
mbiyantu Suléman,
18 pangandikané, "Pangéran Allahmu
wis mitulungi kowé, sarta paring
pangluwaran lan katentreman. Aku
diparingi bisa nelukaké sakèhé bangsa
sing biyèn manggon ing tanah kéné.
Saiki bangsa-bangsa kuwi wis tundhuk
karo kowé lan marang Allah.
19 Dadiné, kowé padha ngabdia marang
Pangéran Allahmu klawan badan lan
nyawamu. Padha miwitana ngedegaké
Pedalemané Allah, supaya Pethi
Prejanjiané Allah lan bekakas liya-liyané
kanggo ngibadah bisa tumuli dipapanaké
ing kono."

23 1 Bareng wis sepuh banget Raja
Dawud banjur ngangkat Suléman
dadi raja ing Israèl.

2 Raja Dawud nglumpukaké para
pemimpiné Israèl lan para imam kabèh
sarta wong Lèwi.
3 Wong lanang saka taler Lèwi sing
umur telung puluh mendhuwur dicathet
kabèh. Cacahé 38.000.
4 Sing 24.000 didadèkaké punggawa
sing ngawasi pegawéan ing Pedalemané
Allah, wong 6.000 didadèkaké punggawa
administrasi lan pengadilan,
5 wong 4.000 didadèkaké punggawa
keamanan, wong 4.000 diangkat dadi
ahli musik, sing gawéané menyanyi lan
ngunèkaké alat musik sing cemawis ing
kono.
6 Raja Dawud ngedum wong Lèwi
dadi telung golongan, miturut gotrahé,
yakuwi gotrah Gèrson, gotrah Kéhat lan
gotrah Mérari.
7 Gèrson duwé anak lanang loro: Ladan
lan Simèi.
8 Ladan duwé anak lanang telu, yakuwi:
Yehièl, Zétam lan Yoèl.
9 Kuwi padha dadi lajeré anak-turuné
Ladan. Anak-anaké Simèi yakuwi:
Sélomit, Hazièl lan Haran, dadi cacahé
telu. Wong-wong mau sing padha dadi
pokoké gotrah Ladan.

10 Anak-turuné lanang Simèi papat urut
tuwa yakuwi: Yahat, Ziza, Yéus lan Béria.
Anak-turuné Yéus lan Béria ora akèh,
mulané dianggep dadi trah siji.
11 (23:10)
12 Kéhat duwé anak lanang papat,
yakuwi: Amram, Yizhar, Hébron lan
Uzièl.
13 Amram kuwi bapakné Harun lan
Musa. (Harun saanak-turuné disengker
ing selawasé déning Allah kanggo
ngurusi bekakas-bekakas pangibadah,
ngobong menyan kagem Allah, ngladèni
ing Pedalemané Allah lan mberkahi
rakyat atas Asmané Allah.
14 Anak-anaké lanang Musa, abdiné
Allah, klebu taler Lèwi uga.)
15 Musa duwé anak lanang loro, yakuwi
Gérsom lan Élièzer.
16 Sebuèl anaké Gérsom sing dadi
pemimpiné.
17 Élièzer mung duwé anak lanang siji,
yakuwi Réhabya. Anaké Réhabya akèh
banget.
18 Yizhar, anaké Kéhat sing nomer loro,
duwé anak lanang jenengé Sélomit; kuwi
dadi penggedhéné trah Yizhar.

19 Hébron anaké Kéhat sing nomer telu,
duwé anak lanang papat, yakuwi: Yéria,
Amarya, Yahazièl lan Yékaméam.
20 Uzièl, anaké Kéhat sing nomer papat,
duwé anak lanang loro: Mikha lan Yisia.
Mikha sing dadi pokoké gotrah.
21 Mérari duwé anak lanang loro,
jenengé: Mahli lan Musi. Mahli duwé
anak lanang loro, Èléazar lan Kis,
22 nanging Èléazar mati ora ninggal
anak lanang; mung anak wadon-wadon
sing padha kawin karo keprenah
naksanaké, yakuwi anak-anaké Kis.
23 Kis, anaké Mérari sing nomer loro,
duwé anak lanang telu: Mahli, Èdèr lan
Yérémot.
24 Kuwi mau anak-turuné Lèwi sing
kacathet manut gotrah lan kulawargané
dhéwé-dhéwé. Sing wis nyandhak umur
rong puluh taun kuwajiban ngladèni ana
ing Pedalemané Allah.
25 Raja Dawud dhawuh, "Pangéran,
Allahé Israèl wis paring katentreman
marang umaté lan kersa dedalem ing
Yérusalèm ing selawasé.
26 Mulané Kémah Palenggahané Allah
lan bekakas-bekakas sing dienggo ing

pangibadah ora prelu dipikuli menèh déning wong Lèwi."
27 Wong Lèwi kabèh sing nyandhak umur rong puluh taun kudu didaftaraké dadi punggawa.
28 Tugasé mbantu para imam anak-turuné Harun sajroné upacara pangibadah ing Pedalemané Allah, ngopèni latar lan kamar-kamar, sarta njaga supaya kabèh barang sing disucèkaké kagem Gusti Allah ora dadi najis.
29 Uga tanggung jawab bab pacawisan roti saosan kagem Gusti Allah, glepung sing dienggo kurban, sing dienggo gawé roti tipis tanpa ragi, sing dienggo kurban panggang, lan dienggo campuran lenga zaitun. Wong-wong mau uga kudu nimbang lan naker pisungsung-pisungsung sing disaosaké ing Pedalemané Allah.
30 Kejaba kuwi iya kudu menyanyi ngluhuraké asmané Allah saben ésuk lan soré;
31 uga saben ana sesaosan kurban konjuk marang Allah ing dina Sabbat, ing dina riaya sasi Anyar, lan ing dina-dina riaya liyané. Iya dianakaké

prenatan pira cacahé wong Lèwi sing
nglakoni tugas ing saben giliran. Dadi
kuwajibané wong-wong Lèwi mau ana
ing Pedalemané Allah,
32 yakuwi ngrumat Kémah
Palenggahané Allah lan ngréwangi
sedulur-seduluré, para imam anak-
turuné Harun sajroné nindakaké upacara
pangibadah ing panggonan kono.
24 1 Harun duwé anak lanang papat:
Nadab, Abihu, Èléazar lan Itamar.
Nadab lan Abihu wis mati ndhisiki
bapakné lan ora ninggal anak. Mulané
sing dadi Imam Èléazar lan Itamar,
sedulur-seduluré. Anak-anaké Harun
dipérang-pérang déning Raja Dawud dadi
sawetara golongan miturut pegawéané.
Raja Dawud enggoné ngedum imam-
imam ing golongan-golongan mau
diréwangi déning Imam Zadok anaké
Èléazar lan Akhimèlèkh anaké Itamar.
2 (24:1)
3 (24:1)
4 Anak-turuné Itamar dipérang dadi
wolung golongan, lan anak-turuné
Èléazar dadi nembelas golongan, merga
anak-turuné Èléazar akèh wongé lanang
sing dadi lajeré kulawarga.

5 Pangedumé pegawéan diundhi, merga
ing antarané anak-turuné Èléazar lan
Itamar mau ana sing dadi punggawa
ing Pedalemané Allah, ana sing dadi
pemimpin agama.
6 Anak-turuné Èléazar lan anak-turuné
Itamar padha gentènan nindakaké
undhian ana ing ngarsané raja, para
punggawa, Imam Zadok, sarta para
lajeré kulawarga golongan imam, sarta
para lajeré kulawarga golongan Lèwi.
Sawisé mengkono jeneng-jenengé sing
ketiban undhi dicathet déning sèkretaris,
jenengé Semaya, anaké Natanaèl, wong
Lèwi.
7 Patlikur golongan mau miturut undhi
urut-urutané mengkéné: 1. Yoyarib; 2.
Yédaya; 3. Harim; 4. Séorim; 5. Malkia;
6. Miyamin; 7. Hakos; 8. Abia; 9. Yésua;
10. Sekhanya; 11. Èlyasib; 12. Yakim;
13. Hupa; 14. Yesébeab; 15. Bilga;
16. Imèr; 17. Hézir; 18. Hapizès; 19.
Pétahya; 20. Yehèzkièl; 21. Yakhin; 22.
Gamul; 23. Délaya; 24. Maazia.
8 (24:7)
9 (24:7)
10 (24:7)
11 (24:7)

12 (24:7)
13 (24:7)
14 (24:7)
15 (24:7)
16 (24:7)
17 (24:7)
18 (24:7)
19 Jenengé wong-wong mau ditulis
miturut gilirané nglakoni pegawéan ana
ing Pedalemané Allah lan nindakaké
kuwajibané ing upacara pangibadah sing
wis ditetepaké déning Harun, leluhuré,
kaya sing didhawuhaké déning Pangéran,
Allahé Israèl.
20 Kejaba kuwi isih ana anak-turuné
Lèwi liyané, yakuwi: Yèhdéya, turuné
Subaèl, turuné Amram;
21 Yisia, turuné Réhabya;
22 Yahat, turuné Sélomot, turuné Yizhar.
23 Yéria, Amarya, Yahazièl lan
Yékaméam anak-anaké Hébron urut
tuwané.
24 Samir, turuné Mikha, turuné Uzièl;
25 Zakharia, turuné Yisia, turuné Uzièl,
seduluré Mikha;
26 Mahli, Musi lan Yaazia, turuné Mérari.
27 Yaazia duwé anak lanang telu:
Syoham, Zakur lan Hibri.

28 Mahli duwé anak lanang loro: Èléazar
lan Kis. Èléazar ora duwé anak lanang,
nanging Kis duwé anak lanang siji,
jenengé Yérahmeèl.
29 (24:28)
30 Musi duwé anak lanang telu, yakuwi:
Mahli, Èdèr lan Yérimot. Kuwi mau padha
turuné Lèwi miturut kulawargané.
31 Kanggo netepaké giliran pegawéan
ing Pedalemané Allah saben lajeré
kulawarga bebarengan karo adhiné
lanang nibakaké undhi kaya sing
ditindakaké déning para seduluré,
yakuwi para imam turuné Harun.
Enggoné nindakaké undhian mau
diseksèni déning Raja Dawud, Imam
Zadok, Akhimèlèkh lan para lajeré
kulawarga saka golongané para imam
lan para lajeré golongan-golongané
wong Lèwi.

25 1 Raja Dawud lan para pemimpin
taler Lèwi padha milih wong sing
mimpin upacara-upacara pangibadah,
yakuwi: Asaf, Héman lan Yedhutun.
Wong-wong padha ditugasaké medhar
wangsit dibarengi musik clempung,
gambus lan kentrung. Kanggo mimpin
upacara sing diadani déning golongan

siji-sijiné dipilih wong-wong sing jenengé
kasebut ing ngisor iki:
2 Anaké lanang Asaf papat, yakuwi:
Zakur, Yusuf, Nétanya, lan Asaréla,
dipimpin déning Asaf, didhawuhi déning
Sang Raja medharaké dhawuhé Allah.
3 Anaké lanang Yedhutun ana nenem,
yakuwi: Gedalya, Zeri, Yésaya, Simèi,
Hasabia, lan Matica, dipimpin déning
Yedhutun; wong-wong mau uga
medharaké wangsité Allah, diiringi
clempung lan nyanyian sarta atur
panuwun marang Allah.
4 Anaké lanang Héman pat belas,
yakuwi: Bukia, Matania, Uzièl, Sebuèl,
Yérimot, Hananya, Hanani, Èliata,
Gidalti, Romamti-Èzèr, Yosbekasa,
Maloti, Hotir lan Mahaziot. Héman kuwi
nabi pribadiné sang raja.
5 Héman déning Allah kaparingan anak
lanang pat belas lan anak wadon telu
kaya janjiné Allah kanggo ngurmati
Héman.
6 Anaké Héman kabèh bisa ngunèkaké
kentrung, clempung, lan gambus,
dipimpin déning bapakné, kanggo
ngiringi upacara pangibadah ing
Pedalemané Allah. Asaf, Yedhutun lan

Héman padha olèh tuntunan saka Sang
Raja.
7 Anaké lanang wong telu mau, sing
cacahé pat likur, kabèh ahli musik, lan
yèn diétung karo sedulur-seduluré wong
Lèwi liyané sing iya ahli musik, cacahé
ana 288.
8 Giliran tugasé wong-wong mau
ditetepaké srana undhi, iya sing nom,
utawa sing tuwa, sing wis pengalaman
lan sing lagi sinau.
9 Wong 288 mau didum dadi 24 pantha
utawa golongan, miturut kulawargané
dhéwé-dhéwé, lan dipimpin déning
pemimpin siji. Saben pantha wargané
wong rolas. Urut-urutané jenengé
golongan-golongan mau mengkéné:
1. Yusuf (saka kulawarga Asaf); 2.
Gedalya; 3. Zakur; 4. Yizri; 5. Nétanya;
6. Bukia; 7. Yesaréla; 8. Yésaya; 9.
Matania; 10. Simèi; 11. Azareèl; 12.
Hasabia; 13. Subaèl; 14. Matica; 15.
Yérimot; 16. Hanania; 17. Yosbekasa;
18. Hanani; 19. Maloti; 20. Èliata; 21.
Hotir; 22. Gidalti; 23. Mahaziot; 24.
Romamti-Èzèr.
10 (25:9)
11 (25:9)

12 (25:9)
13 (25:9)
14 (25:9)
15 (25:9)
16 (25:9)
17 (25:9)
18 (25:9)
19 (25:9)
20 (25:9)
21 (25:9)
22 (25:9)
23 (25:9)
24 (25:9)
25 (25:9)
26 (25:9)
27 (25:9)
28 (25:9)
29 (25:9)
30 (25:9)
31 (25:9)

26 1 Pangedumé tugas kanggo wong-
wong Lèwi sing dadi pengawal ing
Pedalemané Allah kuwi mengkéné. Saka
gotrahé Korah sing diangkat Mesèlèmia
bin Koré saka kulawarga Ébiasaf.
2 Mesèlèmia duwé anak lanang pitu sing
dicathet urut tuwa mengkéné: Zakharia,
Yediaèl, Zebaya, Yatnièl.

3 Élam, Yohanan, Èlyoénai.
4 Uga diangkat Obèd-Édom, wong sing
diberkahi déning Allah. Obèd-Édom
kaparingan anak lanang wolu, sing
jenengé urut tuwa: Semaya, Yozabad,
Yoah, Sakar, Nétanéèl,
5 Amièl, Isakar lan Peuletai.
6 Semaya anaké Obèd-Édom duwé anak
lanang nenem: Otni, Refaèl, Obèd-Édom,
Èlzabad, Élihu lan Sémakya; kabèh mau
wong-wong misuwur olèhé peng-pengan
ing antarané kulawargané, luwih-luwih
Élihu lan Sémakya.
7 (26:6)
8 Kanggo pegawéan pengawalan ing
Pedalemané Allah mau kulawargané
Obèd-Édom urun anak lanang sewidak
loro sing kabèh wong peng-pengan.
9 Kulawarga Mesèlèmia urun wong
peng-pengan wolulas.
10 Saka gotrah Mérari sing diangkat
Hosa. Hosa duwé anak lanang papat,
yakuwi: Simri (kuwi dudu anak
pembarep, nanging diangkat déning
bapakné dadi pemimpin).
11 Hilkia, Tebalya lan Zakharia.
Saka kulawargané Hoséa kabèh ana

wong telulas sing dadi pengawal ing
Pedalemané Allah.
12 Para pengawal ing Pedalemané
Allah diklompok-klompok miturut
kulawargané dhéwé-dhéwé. Wong-wong
mau uga diwènèhi tugas-tugas ana
ing Pedalemané Allah kaya wong Lèwi
liya-liyané.
13 Kabèh kulawarga gedhé cilik ngertiné
kudu jaga ana ing gapura sing endi,
nganggo diundhi.
14 Selèmya jaga ing gapura sisih Wétan.
Zakharia, anaké, sing selawasé awèh
pamrayoga becik, kuwi kebagéan jaga
gapura sisih Lor.
15 Obèd-Édom kebagéan gapura sisih
Kidul lan anak-anaké olèh tugas njaga
gudhang-gudhang bekakas.
16 Supim lan Hoséa jaga gapura sisih
Kulon lan gapura Syalèkèt, ana ing dalan
sing munggah. Wektuné giliran jaga
ditetepaké miturut jadwal.
17 Saben dina ing sisih Wétan pengawal
nem, ing sisih Lor papat, ing sisih Kidul
papat. Gudhang-gudhang bekakas iya
dijaga wong papat, saben gudhang wong
loro.

18 Ing omah gandhok (pavilyun) ana
sing jaga loro lan ing dalan cedhaké
kono sing jaga papat.
19 Mengkono mau pangedumé tugas
jaga kanggo trah Korah lan trah Mérari.
20 Wong Lèwi liyané dipasrahi nyekel
bandhané Pedalemané Allah, yakuwi
dhuwit lan barang-barang sesaosan
marang Allah sing disimpen ing
gudhang-gudhang.
21 Zétam lan Yoèl, loro-loroné uga
anaké Ladan, kuwajibané ngurus
bandha-bandhané Pedalemané Allah
sing disimpen ing gudhang-gudhang
mau. (Ladan kuwi anaké lanang Gèrson;
Ladan nurunaké kulawarga sawetara,
klebu uga kulawargané Yehièl, anaké.)
22 (26:21)
23 Turuné Amram, Yizhar, Hébron lan
Uzièl uga padha olèh panduman tugas.
24 Sebuèl saka trah Gérsom, anaké
Musa, diangkat dadi penggedhé sing
nyekel bandhané Pedalemané Allah.
25 Sebuèl kuwi isih keprenah sedulur
karo Sélomit, merga Élièzer. Leluhuré
Sélomit mau isih sedulur karo Gérsom.
Sarasilahé Élièzer tekan Sélomit kuwi

mengkéné: Élièzer, Réhabya, Yésaya,
Yoram, Zikri, Sélomit.
26 Sélomit sakulawargané kuwi
tanggung jawab tumrap sakèhé barang
sing disaosaké déning para lajeré
kulawarga, para lajeré trah-trah lan para
perwira. Barang-barang sing disaosaké
mau sebagéan gedhé wujud barang
rampasan perang, lan disaosaké khusus
kanggo Pedalemané Allah.
27 (26:26)
28 Ringkesé Sélomit lan kulawargané
mau kapasrahan ngreksa samubarang
sing disaosaké khusus kanggo
Pedalemané Allah, klebu uga saosan-
saosan sing dipasrahaké lantaran Nabi
Samuèl déning Raja Saul, Abnèr bin Nèr
lan déning Yoab bin Zeruya. Kuwi kabèh
dadi reksané Sélomit lan kulawargané.
29 Turuné Yizhar, Kenania lan anak-
anaké dipasrahi tugas administrasi lan
tugas-tugas pengadilan ing tanah Israèl.
30 Urusan agama lan urusan
pepréntahan ing Israèl sakuloné
Kali Yardèn kabèh dipasrahaké marang
Hasabia lan marang sanak-seduluré, sing
cacahé sèwu pitung atus. Kuwi kabèh
wong-wong gedhé anak-turuné Hébron.

31 Pemimpiné turuné Hébron yakuwi
Yéria. Nalika pepréntahané Raja Dawud
nyandhak patang puluh taun, dianakaké
panitipriksa bab anak-turuné Hébron.
Saka panitipriksa mau cetha yèn ana
anak-turuné Hébron sing padha dadi
prejurit peng-pengan, sing manggon ing
Yaézèr, wilayah Giléad.
32 Urusan agama lan pepréntahan ing
Israèl sawétané Kali Yardèn — wilayahé
taler Rubèn, Gad lan Manasyè — kabèh
dipasrahaké marang anak-turuné Yéria,
cacahé wong rong èwu pitung atus, kuwi
kabèh wong gedhé, sing dipilih déning
Raja Dawud.

27 1 Prekara-prekara pepréntahan
ing krajan Israèl diatur déning
para lajeré kulawarga lan para lajeré
gotrah karo para pegawéné. Sajroné
setaun ana segolongan sing nglakoni
tugas genti-genti suwéné sesasi,
dipimpin déning penggedhé siji. Saben
golongan cacahé wong 24.000. Ing
ngisor iki kasebut jenengé penggedhéné
golongan sing nglakoni tugas sesasi
lawasé: Sasi kapisan: Yasobam bin
Zabdièl (saka trah Pèrès, klompok
Yéhuda). Sasi kapindho: Dodai, turuné

Ahohi (wakilé jenengé Miklot). Sasi katelu: Benaya anaké Imam Yoyada; Benaya kuwi pemimpiné "Golongan Tridasawira" (wakilé jenengé Amizabad, anaké dhéwé). Sasi kapat: Asaèl seduluré Yoab (wakilé jenengé Zebaya, anaké) Sasi kalima: Samhut, turuné Yizrah. Sasi kanem: Ira bin Ikes, saka Tekoa. Sasi kapitu: Hèlès, turuné Éfraim saka kutha Paloni. Sasi kawolu: Sibkhai saka kutha Husa (saka trah Zérah, klompok Yéhuda). Sasi kesanga: Abièzèr saka kutha Anatot, wilayahé klompok Bènyamin. Sasi kesepuluh: Maharai, turuné Zérah saka kutha Netofa. Sasi kesewelas: Benaya saka kutha Piraton, wilayahé klompok Éfraim. Sasi kerolas: Hèldai turuné Otnièl saka kutha Netofa.

2 (27:1)
3 (27:1)
4 (27:1)
5 (27:1)
6 (27:1)
7 (27:1)
8 (27:1)
9 (27:1)
10 (27:1)
11 (27:1)

12 (27:1)
13 (27:1)
14 (27:1)
15 (27:1)
16 Iki daftaré jeneng-jenengé para
pemimpiné taler ing Israèl: (Taler-
Pemimpin); Rubèn-Élièzer bin Zikri;
Siméon-Séfaca bin Maaka; Lèwi-
Hasabia bin Kemuèl; Harun-Zadok;
Yéhuda-Élihu, salah sijiné seduluré
Raja Dawud; Isakar-Omri bin Mikhaèl;
Zébulon-Yismaya bin Obaja; Naftali-
Yérimot bin Azrièl; Éfraim-Hoséa bin
Azazia; Manasyè Kulon kali-Yoèl bin
Pédaya; Manasyè Wétan kali-Yidho bin
Zakharia; Bènyamin-Yaasièl bin Abnèr;
Dhan-Azareèl bin Yéroham;
17 (27:16)
18 (27:16)
19 (27:16)
20 (27:16)
21 (27:16)
22 (27:16)
23 Raja Dawud ora ngétung wong-wong
sing umuré sangisoré rong puluh taun,
merga Gusti Allah wis janji bakal gawé
cacahé wong Israèl akèh banget, kaya
lintang ing langit.

[24] Yoab bin Zeruya wis miwiti nganakaké
cacah-jiwa, nanging ora dirampungaké,
merga Gusti Allah nekakaké paukuman
marang wong Israèl jalaran anané
cacah-jiwa mau. Merga saka kuwi
cacahé wong-wong sangisoré rong
puluh taun ora dicathet ing bukuné Raja
Dawud.
[25] Daftar jeneng-jenengé para pengurus
sing ngurusi bandhané Raja Dawud
kuwi mengkéné: Gudhang-gudhang
ing kedhaton: Azmawèt bin Adièl.
Gudhang-gudhang sanjabané kedhaton:
Yonatan bin Uzia. Buruh pategalan: Ezri
bin Kelub. Kebon anggur: Simèi saka
kutha Rama. Panggonan-panggonan
simpenan anggur: Zabdi saka kutha
Sifni. Wit zaitun lan wit ara (ing lèrèngé
pegunungan sisih Kulon): Baalhanan
saka kutha Gedèri. Panggonan-
panggonan simpenan lenga zaitun: Yoas.
Raja-kaya ing ara-ara Saron: Sitrai saka
kutha Saron. Raja-kaya ing lebak-lebak:
Safat bin Adlai. Unta: Obil turuné Ismaèl.
Kuldi: Yèhdéya saka kutha Méronot.
Wedhus gèmbèl lan wedhus jawa: Yazis,
wong Hagri.
[26] (27:25)

27 (27:25)
28 (27:25)
29 (27:25)
30 (27:25)
31 (27:25)
32 Yonatan, pamané Raja Dawud,
wong sing wasis banget, kuwi salah
sawijiné juru-pirembugé Raja Dawud.
Yonatan lan Yehièl bin Hakmoni dipasrahi
nggulawenthah para putrané Sang Raja.
33 Akhitofèl uga dadi penaséhaté Sang
Raja.
34 Sawisé Akhitofèl tilar-donya, diganti
déning Abyatar lan Yoyada bin Benaya.
Panglimané perang jenengé Yoab.

28 1 Raja Dawud dhawuh supaya
para pemimpin kabèh padha
nglumpuk ing Yérusalèm. Dadi para
lajeré taler, para punggawa urusan
pepréntahan, para lajeré trah, para
pengawas bandha lan raja-kayané raja,
sarta para putra, para kepala urusan
kedhaton, para perwira lan wong gedhé,
kabèh padha nglumpuk ing Yérusalèm.
2 Raja Dawud jumeneng ing ngarepé
wong-wong mau karo ngandika
mengkéné, "Sedulur-sedulurku tunggal
bangsa, rungokna! Wis suwé enggonku

kepéngin yasa dalem sing tetep kanggo
Pethining Prejanjian, ancik-anciking
padané[p] Pangéran Allah kita. Aku wis
cecawis arep yasa papan pangibadah
kagem Allah.
3 Nanging Pangéran ora marengaké,
merga aku iki prejurit sing wis matèni
wong akèh.
4 Pangéran, Allah sing disembah déning
Israèl, wis milih aku lan anak-turunku
dadi ratu ing Israèl ing selawas-lawasé.
Panjenengané wis milih klompok
Yéhuda; saka klompok mau kulawargané
bapakku, lan saka kulawargané bapakku
milih aku dadi raja ing Israèl.
5 Aku diparingi anak akèh lan
saka antarané anak-anakku mau
Panjenengané milih Suléman dadi raja
ing Israèl.
6 Pangéran ngandika mengkéné marang
aku, ‘Suléman anakmu bakal yasa dalem
kanggo Aku, merga wis Dakpilih dadi
putra-Ku lan Aku bakal dadi Ramané.
7 Yèn dhèwèké lestari lan temen-temen
enggoné nglakoni sakèhé pepakon-Ku
lan dhawuh-dhawuh-Ku kaya sing

---

[p] pada: kaki (bhs. Ind.).

ditindakaké saiki iki, Aku bakal netepaké
kratoné ing selawas-lawasé.'"
8 Pangandikané Raja Dawud menèh,
"Dadi saiki, para rakyatku, penjalukku
marang kowé, ana ing ngarsané Allah
lan ing ngarepé umat Israèl kabèh sing
nglumpuk ing kéné, janjia lan padha
nglakonana sakèhé dhawuhé Pangéran
Allah kita. Srana mengkono kowé bakal
lestari duwé tanah iki lan marisaké
marang anak-putumu turun-temurun ing
selawas-lawasé."
9 Marang Suléman Raja Dawud
ngandika mengkéné, "Hé anakku,
ngakonana yèn Allah sing disembah
déning bapakmu kuwi iya Allahmu.
Ngabdia marang Panjenenganė klawan
ati kang tulus lan éklas. Panjenengané
pirsa sakèhé pikiran lan pepénginan kita.
Yèn Panjenengané kokgolèki, kowé bakal
ketemu karo Panjenengané, nanging yèn
kowé ngungkuraké Panjenengané, kowé
iya bakal ditilar ing selawas-lawasé.
10 Ngertia yèn kowé wis dipilih déning
Pangéran supaya mbangun dalem
kagem Panjenengané piyambak. Wis,
kuwi lakonana klawan ngetog sakèhé
kekuwatanmu."

11 Sawisé mengkono Raja Dawud banjur masrahaké marang Suléman sakèhé rancangan kanggo mbangun Pedalemané Allah, iya kamar-kamar sarta gedhong lan Papan Mahasuci, papan pangapuranė dosa.
12 Raja Dawud uga masrahaké rancangan sing wis digawé yakuwi latar lan gedhong-gedhong sakiwa-tengené, semono uga gudhang-gudhang sing kanggo nyimpen barang-barang saosan sing disaosaké marang Allah.
13 Iya dipasrahaké rancangan bab pembagéné para imam lan wong Lèwi, bab tugas-tugas sing kudu dilakoni, ringkesé pegawéan sing kudu dilakoni ana ing Pedalemané Allah lan pangrumaté sakèhé bekakas sing dienggo ing sajroning pangibadah.
14 Raja Dawud uga paring pitedah bab caranė nggarap emas lan slaka kanggo bekakas-bekakas,
15 kanggo saben lampu lan sikilé,
16 kanggo méja-méja saka slaka lan méja-méja emas panggonané roti saosan kagem Gusti Allah.
17 Raja Dawud iya paring pitedah bab sepira emas murni sing prelu kanggo

gawé garpu, mangkok lan guci; sepira
slaka lan emas sing dibutuhaké kanggo
gawé piring-piring,
18 gawé mesbèh pangobongan menyan
lan kanggo gambaran krétané kerub
sing ngegaraké swiwi ing sandhuwuré
Pethining Prejanjian.
19 Pangandikané Raja Dawud, "Kabèh
mau wis katulis ana ing rancangan iki
miturut pitedahé Pangéran piyambak
marang aku, sing kudu diturut."
20 Raja Dawud banjur ngandika marang
Suléman, putrané, "Sing kendel lan
tatag atimu. Pegawéan kuwi tandangana
lan aja wedi karo sapa waé. Pangéran,
Allah sing dakbektèni bakal mitulungi
kowé. Panjenengané ora bakal nilar
kowé, malah bakal ana ing sisihmu
nganti enggonmu ngadani pegawéan
mau kabèh rampung.
21 Pangedumé pegawéan ing
Pedalemané Allah wis ditata déning
para imam lan wong-wong Lèwi. Para
karyawan sing ahli ing pegawéané
dhéwé-dhéwé bakal mbiyantu marang
kowé klawan senenging ati. Lan sakèhé
pemimpin sarta rakyat kabèh nurut
marang préntahmu."

29 1 Raja Dawud banjur ngandika
marang wong kabèh sing
nglumpuk ana ing kono, "Saka antarané
anak-anakku, Suléman kuwi sing dipilih
déning Allah. Nanging Suléman kuwi isih
enom lan durung duwé pengalaman,
mangka pegawéan iki rowa lan ruwed
banget. Tur menèh sing arep dibangun
kuwi dudu kedhaton kanggo manungsa,
nanging dalem kanggo ngibadah marang
Gusti Allah.
2 Bahan sing arep kanggo mbangun
dalem kuwi wis dakcawisaké srana
ngetog kabisanku. Aku wis nyawisaké
emas, slaka, prunggu, wesi, kayu,
watu-watu sing regané larang lan watu
aji, watu-watu rerenggan lan marmer
akèh banget.
3 Malah merga saka enggonku ketarik
karo Pedalemané Allah mau aku wis
masrahaké slaka lan emas duwèkku
dhéwé:
4 emas murni satus ton luwih lan
slaka murni kurang luwih rong atus
patang puluh ton kanggo nglapis témbok
Pedalemané Allah, lan kanggo gawé
bekakas-bekakas sing kudu digawé
déning para tukang sing ahli. Saiki, sapa

sing arep saos pisungsung marang Allah
klawan éklasing ati?"
5 (29:4)
6 Para lajeré trah, para lajeré taler, para
perwira lan para kepala sing ngreksa
bandhané raja banjur padha nglairaké
pepénginané, iya mèlu nyaosaké
pisungsung.
7 Pisungsung singdiklumpukaké mau
rupa bahan kanggo pembanguning
Pedalemané Allah, yakuwi: emas 170
ton luwih, slaka 340 ton luwih, prunggu
mèh 620 ton lan wesi 3.400 ton luwih.
8 Wong-wong sing padha duwé akik
padha masrahaké barang mau marang
Yehièl, supaya dilebokaké ing kas
Pedalemané Allah. (Yehièl kuwi wong
Lèwi saka trah Gèrson.)
9 Wong-wong enggoné misungsungaké
barang-barang mau marang Allah klawan
legalila, lan padha bungah déné barang
sing dipisungsungaké mau cacahé akèh
banget. Semono uga Raja Dawud banget
bungahé.
10 Ana ing ngarepé wong akèh mau
Raja Dawud memuji marang Allah.
Tembungé, "Dhuh Allah ingkang dipun

bektèni déning leluhur kawula Yakub,
pinujia ing selami-laminipun!
11 Paduka Allah ingkang mahaagung lan
mahakwaos, ingkang mahamulya,
ingkang unggul lan kagungan
kawibawan. Langit lan bumi saisinipun
menika kagungan Paduka. Paduka
menika rajaning para raja, ingkang
ngwaosi samukawis.
12 Kasugihan lan kemakmuran menika
asalipun saking Paduka; sedaya prekawis
menika Paduka ingkang ngwaosi kalayan
kasektèn; Paduka kwaos ndadosaken
sinten kémawon dados tiyang ageng.
13 Dhuh Allah, samenika kawula saos
sukur dhateng Paduka, lan memuji asma
Paduka ingkang mahamulya.
14 Kawula menika sinten, lan rakyat
menika sinten kokngantos saged
nyaosaken menapa-menapa katur ing
Paduka? Mergi sedaya gadhahan kawula
menika peparing Paduka piyambak,
lan menapa ingkang kawula caosaken
menika inggih kagungan Paduka
piyambak.
15 Paduka pirsa, dhuh Allah, bilih
mboten béda kaliyan para leluhur
kawula, kawula menika inggih tiyang

neneka lan tiyang manca. Gesang
kawula kados ayang-ayang ingkang
langkung, lan mboten kalis saking pejah.
16 Dhuh Pangéran, Allah kawula,
barang-barang pengaos ingkang sami
kawula klempakaken ing ngriki menika
badhé kanggé ngedegaken Pedaleman
kagem Paduka, supados kawula sami
saged ngurmati asma Paduka ingkang
suci. Nanging barang-barang wau sedaya
kawula tampi saking Paduka piyambak
lan inggih pancèn kagungan Paduka.
17 Kawula mangertos, bilih Paduka
ndadar manahipun saben tiyang lan rena
dhateng tiyang ingkang saos pisungsung
kalayan sukabingahing manah. Kalayan
rilaning manah sedaya pisungsung
menika kawula caosaken ing ngarsa
Paduka. Kawula sumerep kadospundi
umat Paduka ingkang nglempak ing
ngriki nyaosaken pisungsungipun
dhateng Paduka kalayan bingahing
manah.
18 Dhuh Allah, sesembahanipun
Abraham, Iskak lan Yakub,
leluhur kawula, mugi Paduka kersa
nglanggengaken budi lan manahipun

umat Paduka ingkang kados samenika
menika.
19 Kersaa paring dhateng anak kawula
Suléman pepénginan ingkang saèstu
kanggé netepi dhawuh-dhawuh Paduka
sedaya, tuwin greget mbangun griya
pangibadah ingkang bahanipun sampun
kawula cawisaken menika."
20 Sawisé ndedonga mengkono Raja
Dawud banjur ngandika marang wong
akèh sing nglumpuk ana ing kono,
"Padha memujia marang Pangéran
Allahmu!" Wong kabèh mau nuli padha
memuji marang Pangéran, Allah kang
disembah déning para leluhuré. Banjur
padha sembah-sujud marang Allah lan
marang Sang Raja.
21 Ésuké wong-wong mau padha
saos kurban obongan konjuk marang
Pangéran, sarta ngedum-edum kurban
mau marang rakyat. Kejaba kuwi
ana menèh kurban sing disembelèh
lan diobong wutuh ing mesbèh rupa
sapi lanang sèwu, wedhus gèmbèl
lanang sèwu lan cempé gèmbèl sèwu.
Wong-wong mau uga saos kurban
anggur.

22 Ing dina kuwi umat Israèl padha
mangan lan ngombé kanthi bungah ana
ing ngarsané Allah. Ing dina kuwi uga
Suléman dijebadi menèh, diresmèkaké
dadi raja lan Zadok dadi imam.
23 Suléman ngganti kang rama
Raja Dawud, nglenggahi dhamparing
keprabon kaya sing ditetepaké déning
Allah. Suléman keturutan apa sing dadi
gegayuhané lan rakyat kabèh sumuyud
kalayan wedi-asih.
24 Semono uga sakèhé punggawa
pemeréntah sipil lan militèr, dalah
anak-anaké Raja Dawud liyané padha
sumuyud marang Raja Suléman.
25 Rakyat kabèh didamel déning
Pangéran gumun ing ngatasé Suléman,
lan Suléman diparingi kawibawan
ngluwihi sapa waé sing tau dadi raja ing
Israèl sadurungé.
26 Dawud bin Isai ngratoni bangsa Israèl
kabèh
27 lawasé patang puluh taun. Enggoné
manggon ing Hébron lawasé pitung taun,
lan ing Yérusalèm telung puluh telu taun.
28 Dawud dadi raja sing sugih banget,
kajènkéringan lan dawa umuré.
Suléman, putrané, nggentèni dadi raja.

29 Riwayaté Raja Dawud saka wiwitan tekan pungkasan ditulis ing buku Riwayaté Nabi Samuèl, Nabi Natan lan Nabi Gad.
30 Buku mau nyritakaké bab kepréntahané Raja Dawud, pangwasané lan sakèhing prekara, iya sing dialami déning Raja Dawud dhéwé, utawa sing dialami déning Israèl lan déning kraton-kraton sakiwa-tengené.

2 Tawarikh

1 [1] Kecrita Suléman putrané Raja
Dawud wis sentosa enggoné madeg
dadi raja, merga saka berkahé Pangéran
Allahé, nganti pangwasané Suléman
gedhé banget.
[2] Para komandhané pasukan-sèwu lan
pasukan-satus kabèh, para punggawa
negara, para lajeré kulawarga lan rakyat
Israèl kabèh didhawuhi déning Suléman
[3] ndhèrèkaké tindaké menyang papan
pangibadah ing Gibéon. Banjur padha
budhal mrana, merga Kémahé Pangéran,
sing diyasa déning Musa, abdiné Allah,
nalika ana ing ara-ara samun, dumunung
ana ing kono.
[4] (Nanging Pethining Prejanjiané Allah
isih ana ing Yérusalèm, ing Kémah
Palenggahané Allah sing diyasa déning
Raja Dawud, yakuwi nalika Pethi mau
dipindhah saka Kiryat-Yéarim.)
[5] Mesbèh prunggu sing digawé déning
Bézaleèl bin Uri, putuné Hur, iya ana ing
Gibéon, ing ngarepé Kémahé Pangéran.

Ana ing kono Raja Suléman lan rakyat
kabèh padha ngabekti marang Allah.
6 Ana ing mesbèh prunggu sing ana
ing ngarepé Kémah mau, Raja Suléman
saos kurban obongan konjuk marang
Pangéran rupa kéwan cacahé sèwu.
7 Benginé Gusti Allah ngetingal marang
Suléman sajroning supena, ngandikané,
"Kowé kepéngin Dakparingi apa?"
8 Aturé Suléman, "Dhuh Pangéran,
Paduka sampun nresnani sanget dhateng
bapak kawula, Dawud, lan samenika
Paduka sampun ngangkat kawula dados
raja, nggentosi bapak kawula.
9 Dhuh Allah, mugi samenika kersa
ngleksanani janji Paduka dhateng bapak
kawula. Paduka sampun ngangkat
kawula dados raja, mengku bangsa
ingkang semanten agengipun.
10 Pramila kawula mugi Paduka paringi
kawicaksanan lan pangertosan supados
saged ngerèh bangsa menika. Menawi
mboten mekaten, kados pundi enggèn
kawula badhé saged ngerèh umat
Paduka ingkang ageng menika?"
11 Dhawuhé Allah marang Suléman,
"Panyuwunmu kuwi becik. Kowé ora
nyuwun kasugihan, kaluhuran utawa

patining mungsuhmu apa déné umur
dawa kanggo kowé dhéwé, nanging
kawicaksanan lan pangertèn kanggo
mréntah umat-Ku,
12 mulané kowé iya bakal Daktambahi
kasugihan, raja-brana lan kaluhuran
ngungkuli raja ing endi waé, sadurungé
kowé lan sapungkurmu."
13 Sawisé mengker saka papan
pangibadah, yakuwi Kémahé Pangéran
ing Gibéon, Suléman nuli kondur
menyang Yérusalèm.
14 Suléman nggenepi angkatan
perangé, nganti krétané perang cacahé
sèwu patang atus lan jaran sing kanggo
perang rolas èwu. Sapérangan didokok
ing Yérusalèm, liyané dipapanaké
sumebar ing kutha-kutha liya.
15 Ing jamané Suléman dadi raja, slaka
mung dianggep barang lumrah ing
Yérusalèm, ora béda karo watu. Semono
uga kayu cemara Libanon mbludag ora
béda karo kayu lumrah.
16 Jaran ditekakaké saka tanah Mesir
lan tanah Kéwé lantaran para agèn;
17 kréta perang sing ditekakaké saka
tanah Mesir banjur didol menèh marang
raja-raja Hèt lan raja-raja Siria. Jaran

siji payu satus sèket lan kréta perang siji
payu nem atus dhuwit slaka.
2 1 Raja Suléman mutusaké arep yasa
Pedalemané Allah lan kedhaton
kagem piyambak.
2 Banjur nekakaké wong 70.000
kanggo ngangkut bahan bangunan lan
wong 80.000 kanggo natah watu ing
pegunungan, sarta wong telung èwu
nem atus sing dadi mandhor, supaya
ngawasi pegawéan mau kabèh.
3 Suléman kirim layang marang
Hiram, raja Tirus, surasané mengkéné,
"Panjenengan mugi kersa nyambut-
damel sesarengan kaliyan kula, kados
ingkang sampun naté panjenengan
tindakaken kaliyan Dawud, bapak kula.
Panjenengan sampun naté nyadé kajeng
cemara Libanon dhateng bapak kanggé
yasa kedhatonipun.
4 Samenika kula kepéngin yasa gedhong
pamujan kanggé ngibadah dhateng
Pangéran Allah kula. Ing gedhong menika
kula lan rakyat kula badhé ngibadah
lan mbesmi menyan tuwin anggi-anggi
arum.[a] Badhé nyaosaken roti saosan
kagem Panjenenganipun, sarta saos

---

[a]anggi-anggi arum: wangi-wangian (bhs. Ind.).

kurban obongan saben énjing lan sonten.
Inggih saben dinten Sabbat lan dinten
Riaya Wulan Énggal, tuwin dinten-dinten
mirunggan ingkang kadhawuhaken
déning Pangéran, Allah kula, kanggé
ngurmati Panjenenganipun, awit Allah
sampun paring dhawuh supados umat
Israèl selaminipun nindakaken prekawis
menika.
5 Pedalemanipun Allah ingkang badhé
kula yasa menika kedah saé sanget,
mergi Allah kula menika langkung luhur
tinimbang para déwa pundi kémawon.
6 Nanging sejatosipun mboten wonten
tiyang setunggal-setunggala ingkang
saged yasa Pedaleman kagem Allah,
mergi jagad raya menika mboten
pantes kagem Panjenenganipun. Dados,
Pedalemanipun Allah ingkang badhé kula
yasa menika inggil-inggilipun namung
cekap kanggé mbesmi menyan konjuk
dhateng Allah!
7 Pramila panjenengan mugi kersa
ngutus tiyang ingkang ahli damel hiasan
saking emas, slaka, prunggu lan tosan,
semanten ugi ahli damel barang-barang
saking mori biru, wungu lan abrit, sarta
ahli bab ukuran. Tiyang menika supados

nyambut-damel sesarengan kaliyan
para ahli saking Yéhuda lan Yérusalèm,
ingkang sampun kapilih déning bapak
kula Dawud.
8 Kula ngertos, bilih para tukang
negor kajeng ing negari panjenengan
pinter-pinter, pramila panjenengan
kersaa ngintun saking Libanon kajeng
cemara lan kajeng cendhana werni-werni
dhateng kula. Kula badhé ndhatengaken
tiyang-tiyang kula supados mbiyantu
tiyang-tiyang panjenengan,
9 nyawisaken kajeng sakiyatipun.
Pedalemanipun Allah ingkang badhé kula
yasa menika kedah ageng lan saé.
10 Kanggé tedhanipun tiyang-tiyang
panjenengan, kula badhé ngintun
dhateng panjenengan gandum 2.000
ton, jewawut 2.000 ton, anggur 400.000
liter lan lisah zaitun 400.000 liter."
11 Layangé Raja Suléman mau
diwangsuli déning Raja Hiram
mengkéné, "Mergi Pangéran nresnani
bangsa panjenengan, mila Pangéran
ngangkat panjenengan dados raja.
12 Pinujia Pangéran, Allahipun Israèl.
Allah ingkang nitahaken langit lan bumi!
Allah sampun maringaken dhateng

Dawud, putra ingkang wicaksana lan wasis sanget, ingkang badhé yasa Dalem kagem Allah sarta kedhaton.

13 Sareng kaliyan serat menika kula kintun utusan tiyang ingkang ahli, ingkang pinter saha wicaksana, namanipun Huram.

14 Ibunipun saking suku Dhan, bapakipun tiyang Tirus. Tiyang menika pinter damel barang-barang saking emas, slaka, prunggu, tosan, séla, tuwin kajeng. Ugi saged damel léna biru, wungu lan abrit, mekaten ugi kain léna. Malah ugi saged damel ukiran menapa kémawon miturut modhèl ingkang panjenengan kersakaken. Prayogi menawi piyambakipun dipun dhawuhi nyambut-damel sesarengan kaliyan para tukang panjenengan saha kaliyan tiyang-tiyang ingkang sampun nyambut-damel kagem keng rama.

15 Kula ngantos-antos kintunan gandum, jewawut, anggur lan lisah zaitun ingkang panjenengan janjèkaken menika.

16 Kula badhé negor kajeng cemara saking paredèn Libanon pinten kémawon ingkang panjenengan kersakaken, lajeng

badhé karakit, lan kakéntiraken medal
seganten ngantos dumugi Yopé. Saking
ngriku panjenengan saged utusan
ngangkut kajeng-kajeng wau dhateng
Yérusalèm."
17 Raja Suléman nyacahaké wong
manca sing manggon ing Israèl, kaya
sing dianakaké déning Raja Dawud,
ramané. Ketitik cacahé wong manca ana
153.600.
18 Saka antarané wong-wong mau,
70.000 didhawuhi ngangkut bahan
bangunan, 80.000 didhawuhi natah watu
ing pegunungan, lan 3.600 didhawuhi
dadi mandhor, sing ngawasi pegawéan
mau.

3 1 Raja Dawud wis nemtokaké yèn
Pedalemané Allah kudu didegaké
ing Yérusalèm, ing Gunung Moria,
yakuwi penggilingan gandum duwèké
Arauna, wong Yébus. Olèhé mbangun
Pedalemané Allah kawiwitan déning Raja
Suléman
2 ing sasi kapindho, taun ping paté
Suléman jumeneng raja.
3 Pedalemané Allah mau dawané
pitulikur mèter lan ambané sangang
mèter.

4 Bangsal sing ngarep dawané padha
karo ambané, yakuwi sangang mèter.
Dhuwuré sèket papat mèter. Kamar mau
sing sisih njero dilapis emas murni.
5 Bangsal gedhé digebyog nganggo
papan kayu cemara Libanon lan dilapis
emas tuwa sing dihias nganggo ukiran
wit kurma lan lung-lungan.
6 Sang Raja iya ngrengga Pedaleman
mau nganggo akik sing éndah-éndah
lan emas sing ditekakaké saka negara
Parwaim.
7 Emas mau iya dienggo nglapisi
témbok-témboké Pedalemané Allah,
balok-baloké, inebé lawang-lawang
lan kusèn-kusèné. Témboké direngga
nganggo ukiran kerub.[b]
8 Bangsal njero sing disebut Papan
Mahasuci dawané nem mèter lan ambané
sangang mèter, padha karo ambané
Pedalemané Allah. Emas sing kanggo
nglapisi témboké Papan Mahasuci mau
ana nemlikur ton.
9 Sing kanggo gawé paku ana 570
kilo gram. Semono uga témboké
kamar-kamar ndhuwur iya dilapis emas.

---

[b]kerub: golonganipun malaékat.

10 Sang Prabu iya dhawuh gawé reca
kerub loro saka logam dilapis emas,
dipasang ing bangsal Papan Mahasuci,
jèjèr ngadhepaké lawang. Kerub loro
mau nganggo swiwi megar. Dawané 2,2
mèter, pucuké swiwi sing siji gathuk ing
tengah bangsal, swiwi sijiné nggepok
témboké bangsal kiwa-tengen. Dawané
swiwi-swiwi mau sangang mèter, dadi
saambané bangsal.
11 (3:10)
12 (3:10)
13 (3:10)
14 Bangsal Mahasuci iya dipasangi
gordèn kain léna rupané biru, wungu
lan abang. Gordhèn mau dihias nganggo
sulaman gambar kerub.
15 Sang Prabu iya dhawuh gawé cagak
loro sing dhuwuré limalas setengah
mèter, banjur didegaké ing sangarepé
Pedalemané Allah. Cagak mau ndhuwur
ana endhasé, sing dhuwuré 2,2 mèter.
16 Endhas mau dihias nganggo
rerenggan saka prunggu, rupa ranté
dinam karo woh dlima satus iji.
17 Cagak-cagak mau didegaké ing
kiwa-tengené gapura Pedalemané Allah.

Sing ana ing sisih Kidul dijenengaké
Yakin,[c] sing sisih Lor Boas,[d]

4 [1] Sang Prabu Suléman dhawuh
gawé mesbèh saka prunggu sing
dawané lan ambané sangang mèter,
sarta dhuwuré papat setengah mèter.
[2] Iya dhawuh gawé jembangan bunder
saka prunggu, sing dawané 2,2 mèter,
garis tengahé 4,4 mèter lan ubengé 13,2
mèter.
[3] Njabané jembangan mau direngga
nganggo rerenggan sapi rong larik, sing
dicithak bareng karo jembanganè.
[4] Jembangan mau dipapanaké ana ing
gegeré reca sapi rolas saka prunggu;
reca sapi mau telu madhep ngalor, telu
madhep ngidul, telu madhep ngulon lan
telu madhep ngétan.
[5] Jembangan mau kandelé 75 milimèter.
Lambéné njebèr kaya lambé cangkir.
Jembangan mau kurang luwih amot
banyu 60.000 liter.
[6] Raja Suléman iya dhawuh gawé
pengaron gedhé sepuluh, lima didokok

---

[c]Yakin: basa Ibrani, tegesipun "Allah netepaken".

[d]Boas: basa Ibrani, tegesipun "Srana pangwasané Allah".

ing sakidulé Pedalemané Allah, lima ing
saloré. Pengaron-pengaron mau gunané
kanggo ngumbah tengkelan-tengkelan
kéwan sing arep diobong kanggo kurban.
Banyu sing ana ing jembangan gedhé
mau dicawisaké kanggo wijik para imam.
7 Suléman uga didhawuhi gawé papan
lampu saka emas, cacahé sepuluh,
miturut modhèl sing wis dirancang,
mengkono uga méja cacahé sepuluh.
Papan lampu lan méja-méjané kabèh
mau didokok ing bangsal gedhé ing
Pedalemané Allah, lima ing sisih kiwa lan
lima ing sisih tengen. Iya ndhawuhaké
gawé bokor emas cacahé satus iji.
8 (4:7)
9 Kejaba kuwi Raja Suléman uga
dhawuh gawé plataran ing njero kanggo
para imam, lan plataran sisih njaba.
Inebé lawang ing antarané plataran loro
mau dilapis prunggu.
10 Jembangan mau didokok ing pojok
Kidul-wétané Pedalemané Allah.
11 Huram, kepalané para tukang,
gawé kwali, susruk sarta bokor-bokor.
Sawernané prabot Pedalemané Allah
digawé nganti rampung kabèh, kaya
janjiné karo Raja Suléman, yakuwi:

Cagak gedhé loro Endhasé cagak-
cagak sing dipasang ing sandhuwuré
cagak-cagak mau Nam-naman ranté ing
saben endhasé cagak Delima prunggu
patang atus iji, ditata dadi rong larik,
ing saben endhasé cagak, ngubengi
nam-naman ranté; saben lariké isi satus.
Kréta sepuluh Pengaron gedhé sepuluh
Jembangan Sapi saka prunggu sing
nyangga jembangan Kwali-kwali, susruk-
susruk lan garpu-garpu Prabot mau
kabèh digawé saka prunggu, lan digosok
nganti mengkilap. Kuwi kabèh digawé
déning Huram kanggo Pedalemané Allah
kaya sing didhawuhaké déning Suléman.
12 (4:11)
13 (4:11)
14 (4:11)
15 (4:11)
16 (4:11)
17 Sang Prabu dhawuh supaya barang-
barang mau digawé ana ing bèngkèl
pengecoran sing dunungé ing antarané
Sukot lan Zeréda, ing Lebak Yardèn.
18 Saka akèhé barang sing digawé mau
nganti ora ana wong sing ngerti entèk
prunggu pirang kilogram.

[19] Raja Suléman iya dhawuh gawé
prabot-prabot liyané saka emas murni
kanggo Pedalemané Allah. Prabot-prabot
mau yakuwi: Mesbèh Méja-méja kanggo
roti sajèn Papan lampu kabèh digawé
saka emas tuwa, cocog karo sing
karancang. Papan lampu mau didokok
ing ngarepé Papan Mahasuci Hiasan rupa
kembang-kembangan Lampu-lampu
Japit-japit mawa Piranti-piranti kanggo
matèni lampu Bokor-bokor Pedupan
Panggonan mawa Kabèh lawang ing
Pedalemané Allah sing sisih njaba lan
lawang ing Papan Mahasuci padha dilapis
emas.
[20] (4:19)
[21] (4:19)
[22] (4:19)

5 [1] Sawisé Raja Suléman rampung
enggoné mbangun Pedalemané
Allah, kabèh emas, slaka lan barang-
barang liyané sing dicaosaké Raja
Dawud marang Allah nuli disimpen ing
gudhang-gudhang ing Pedaleman kono.
[2] Raja Suléman banjur nglumpukaké
sakèhé para lajeré taler lan gotrah-
gotrahé Israèl ing Yérusalèm, saprelu
njupuk Pethi Prejanjiané Allah saka

Sion, kuthané Dawud, kagawa menyang
Pedalemané Allah.
3 Nalika semono mbeneri Riaya Tarub
Godhong.[e] Para pemimpin mau kabèh
padha teka nglumpuk.
4 Sawisé mengkono wong-wong
Lèwi banjur padha ngangkat Pethiné
Prejanjian,
5 digawa menyang Pedalemané Allah.
Kémah Palenggahané Allah sarta praboté
kabèh iya dielih saka kono déning para
imam lan wong-wong Lèwi menyang
Pedalemané Allah.
6 Raja Suléman lan rakyat Israèl kabèh
padha nglumpuk ana ing ngarepé
Pethining Prejanjian mau sarta padha
nyaosaké kurban konjuk marang Allah.
Saking akèhé wedhus lan sapi sing
dikurbanaké nganti ora kena diétung.
7 Sawisé mengkono para imam banjur
mikul Pethiné Prejanjian digawa mlebu
ing Pedalemané Allah, didokokaké ana
ing ngisoré ukiran kerub ing Papan
Mahasuci.

---

[e]Tarub Godhong: kados gubug, kadamel saking pang-pangé wit, katutupan mawi ron. Riaya Tarub Godhong kawontenaken sesampunipun panèn rampung. Laminipun pitung dinten. (AT. 16:13b, 15; Km. 23:33-36).

8 Swiwiné kerub-kerub mau ngayomi
Pethi lan kayu pikulané.
9 Kayu-kayu pikulan mau dawa banget,
nganti pucuké mung katon yèn dideleng
saka sisih ngarepé Papan Mahasuci.
Kayu-kayu pikulan mau isih ana tekan
sepréné.
10 Pethining Prejanjian kuwi mung isi
papan watu rong iji. Watu-watu mau
didokok ing kono déning Musa ana
ing Gunung Sinai biyèn, yakuwi nalika
Gusti Allah gawé prejanjian karo bangsa
Israèl, sajroné kairid metu saka tanah
Mesir.
11 Para imam saka sakèhé golongan
sing ana ing kono sapepaké padha
cecawis kanggo nindakaké upacara. Para
penyanyi lan para tukang ngunèkaké
tetabuhan saka taler Lèwi, yakuwi
Asaf, Héman lan Yedhutun sarta
para kulawargané padha nganggo
sandhangan kain léna. Wong Lèwi
padha ngadeg ing sawétané mesbèh
karo nyekel kentrung lan clempung.
Bebarengan karo wong-wong mau ana
imam satus rong puluh sing ngunèkaké
slomprèt. Menyanyiné para penyanyi
dibarengi uniné slomprèt lan tetabuhan

liyané. Nyanyian sing konjuk marang
Allah mau surasané mengkéné: "Pinujia
Allah, merga kasaénané. Katresnané
langgeng ing selawasé." Bareng para
imam metu saka Pedalemané Allah
dumadakan Pedaleman mau padhang
banget déning cahyané Pangéran kang
rawuh ing kono, nganti padha ora bisa
nerusaké upacara pangibadah.
12 (5:11)
13 (5:11)
14 (5:11)

6

1 Raja Suléman nuli ndedonga, "Dhuh
Pangéran, Paduka langkung rena
dedalem ing salebeting méga ingkang
peteng.
2 Samenika kawula yasa gedhong
minangka kedhaton, kagem Pedaleman
Paduka ing selami-laminipun."
3 Sawisé mengkono, Sang Prabu banjur
minger ngadhepaké rakyat sing padha
ngadeg ing kono, sarta nyuwunaké
berkah marang Allah kanggo wong-wong
mau.
4 Unjuké, "Rumiyin Paduka sampun
naté janji dhateng bapak kawula
Dawud mekaten, ‘Wiwit Aku ngirid
umat-Ku metu saka tanah Mesir tekan

sepréné, ora ana kutha ing Israèl siji
waé sing Dakpilih dadi papan kanggo
ngedegaké Pedaleman kanggo Aku, lan
ora ana wong siji waé sing Dakpilih dadi
pemimpiné Israèl. Nanging saiki Aku
milih Yérusalèm dadi papané pangibadah
marang Aku. Lan kowé, Dawud, Dakpilih
mréntah umat-Ku.’ Pinujia Pangéran,
Allahipun Israèl, ingkang sampun netepi
janjinipun menika!"
5 (6:4)
6 (6:4)
7 Sabanjuré Suléman ngandika,
"Bapakku Dawud wis ngrancang
arep yasa papan pangibadah kagem
Pangéran, Allahé Israèl.
8 Nanging Allah ngandika marang
Dawud, ‘Karepmu kuwi becik.
9 Nanging dudu kowé, anakmu sing
bakal yasa Pedaleman-Ku!’
10 Saiki Pangéran wis netepi janjiné.
Aku wis dadi raja ing Israèl, nggentèni
bapakku, lan aku wis kelakon yasa papan
pangibadah kagem Pangéran, Allahé
Israèl.
11 Ing Pedalemané Allah iki wis
dakpapanaké Pethi Prejanjian isi

lèmpèng watu sing katulisan prejanjiané
Allah karo umat Israèl."
12 Suléman wis gawé panggung saka
prunggu ing tengah plataran Pedalemané
Allah. Dawané lan ambané 2,2 mèter,
lan dhuwuré 1,3 mèter. Suléman
minggah ing panggung lan jumeneng
ngadhepaké rakyat lan mesbèh. Saben
wong bisa nyawang panjenengané.
Sawisé mengkono Suléman banjur sujud
karo ngangkat astané karo pisan sarta
ndedonga,
13 (6:12)
14 unjuké, "Dhuh Pangéran, Allahipun
Israèl! Ing swarga menapa malih ing
bumi mboten wonten Allah ingkang
kados Paduka! Paduka sampun netepi
janji Paduka sarta ngetingalaken sih
Paduka dhateng umat Paduka ingkang
setya lan mbangun-turut kalayan
gumolonging manah dhateng Paduka.
15 Paduka sampun netepi janji Paduka
dhateng bapak kawula Dawud. Ing dinten
menika saben tembung ingkang Paduka
ngandikakaken sampun kelampahan
sedaya.
16 Paduka ugi sampun janji dhateng
bapak kawula, bilih samasa anak-

turunipun mbangun-turut saèstu
dhateng dhawuh-dhawuh Paduka kados
bapak kawula, temtu tansah wonten
salah setunggal ing antawisipun anak-
turunipun ingkang dados raja ing Israèl.
Samenika dhuh Pangéran, Allahipun
Israèl, kawula nyuwun mugi samukawis
prekawis ingkang Paduka janjèkaken
dhateng bapak kawula Dawud, abdi
Paduka, menika Paduka leksanani ugi.
17 (6:16)
18 Nanging, dhuh Allah, menapa inggih
saèstu Paduka kersa dedalem ing bumi
menika, sesarengan kaliyan manungsa?
Jagad raya menika sedaya rak kirang
jembar kagem Paduka, menapa malih
Dalem Pamujan ingkang kawula yasa
menika!
19 Dhuh Pangéran, Allah kawula,
kawula menika namung abdi wonten ing
ngarsa Paduka! Éwasemanten kersaa
miyarsakaken pandonga kawula, dhuh
Pangéran, Allah kawula, sarta kersaa
nyembadani panyuwun kawula.
20 Paduka mugi kersa ngreksa rinten lan
dalu Dalem Pamujan ingkang sampun
Paduka piji kagem Paduka menika,
saha saking Pedaleman Paduka ing

swarga miyarsakaken sarta paring
pangapunten dhateng kawula saha umat
Paduka, samasa kawula sami sowan
ngéblat dhateng Pedaleman menika lan
ndedonga dhateng Paduka.
21 (6:20)
22 Menawi wonten tiyang ingkang
kadakwa damel kalepatan dhateng
tiyang sanès, lajeng dipun bekta dhateng
mesbèh Paduka ingkang wonten ing
Pedaleman Paduka ing ngriki lajeng
sumpah bilih piyambakipun mboten
lepat,
23 dhuh Allah, mugi Paduka saking
swarga miyarsakaken sarta mutus
prekawisipun para abdi Paduka wau.
Ingkang lepat mugi kaukum lan ingkang
leres mugi kabébasaken.
24 Menawi umat Paduka Israèl kawon
perang kaliyan mengsah-mengsahipun
mergi nglampahi dosa, mangka lajeng
sami nyuwun pitulungan Paduka, sarta
sami sowan ing Pedaleman Paduka ngriki
kanthi ngasoraken manahipun nyuwun
ngapunten dhateng Paduka,
25 mugi Paduka saking swarga kersa
miyarsakaken. Mugi tumunten kersa
ngapunten dhateng dosanipun umat

Paduka wau, sarta ngirid piyambakipun
wangsul dhateng negari ingkang sampun
Paduka paringaken dhateng leluhuripun.
26 Menawi Paduka mboten paring jawah,
mergi umat Paduka sami nglampahi dosa
ing ngarsa Paduka, mangka lajeng sami
mratobat sarta sowan arahipun dhateng
Pedaleman menika kanthi ndedonga
kalayan ngasoraken manahipun wonten
ngarsa Paduka,
27 dhuh Allah ing swarga, mugi
kersaa miyarsakaken pandonganipun.
Dosanipun umat Israèl wau mugi Paduka
apunten, sarta mugi Paduka wulang
nglampahi menapa ingkang leres.
Sesampunipun mekaten, dhuh Allah,
kersaa maringi jawah ing negari Paduka
menika, inggih negari ingkang Paduka
paringaken dhateng umat Paduka dados
pusakanipun ing selami-laminipun.
28 Menawi negari menika ngalami
paceklik utawi pageblug, utawi menawi
taneman sami risak mergi déning angin
bentèr utawi mergi dipun tedha walang,
utawi menawi umat Paduka dipun
lurugi perang déning mengsah, utawi
kedhatengan sesakit,

29 mugi Paduka kersa miyarsakaken
pandonganipun. Menawi wonten tiyang
ing antawisipun umat Paduka Israèl
nandhang sedhih mangka lajeng
ndedonga dhateng Paduka srana
ngangkat tangan arahipun dhateng
Dalem Pamujan menika,
30 mugi Paduka saking Pedaleman
Paduka ing swarga kersa miyarsakaken
sarta paring pangapunten saha paring
pitulungan. Namung Paduka piyambak
ingkang pirsa manahipun manungsa.
Pramila kersaa maringi dhateng saben
tiyang miturut lampahipun,
31 supados umat Paduka sami ajrih lan
nglampahi dhawuh Paduka, selaminipun
sami manggèn ing negari ingkang
Paduka paringaken dhateng para leluhur
kawula.
32 Menawi wonten tiyang manca ing
negari tebih, ingkang mireng bab
kaluhuran lan pangwaos Paduka,
sarta bilih Paduka tansah siaga paring
pitulungan, mangka tiyang wau lajeng
sowan ing Dalem Pamujan menika
ndedonga dhateng Paduka,
33 mugi Paduka saking swarga kersa
miyarsakaken dhateng pandonganipun,

sarta ngleksanani panyuwunipun. Mekaten wau supados umat Israèl, semanten ugi sedaya bangsa ing donya sami tepang dhateng Paduka sarta sumuyud dhateng Paduka, tuwin ngertos, bilih Dalem ingkang kawula yasa menika Dalem Pamujan kagem Paduka.

34 Menawi Paduka ndhawuhaken umat Paduka nglurug perang nglawan mengsah wonten ing pundi kémawon, lajeng sami ndedonga arahipun dhateng Dalem Pamujan ingkang kawula yasa kagem Paduka menika,

35 mugi Paduka saking swarga kersa miyarsakaken pandonganipun, tuwin paring kemenangan dhateng piyambakipun.

36 Menawi umat Paduka nglampahi dosa ing ngarsa Paduka — saleresipun mboten wonten tiyang setunggal kémawon ingkang mboten nglampahi dosa — mangka lajeng Paduka tégakaken ngantos kakawonaken déning mengsah sarta dipun tawan, kaboyong dhateng negari ingkang tebih utawi celak,

37 mangka wonten ing negari wau piyambakipun kalayan éklas sami

mratobat sarta nilar dosa-dosanipun
kanthi ndedonga dhateng Paduka,
madhep dhateng negari, ingkang Paduka
paringaken dhateng leluhur kawula,
saha arahipun dhateng kitha ingkang
sampun Paduka pilih menika, tuwin
Dalem Pamujan ingkang sampun kawula
yasa kagem Paduka menika,
38 (6:37)
39 mugi saking dalem Paduka ing
swarga, Paduka kersa miyarsakaken
dhateng pandonganipun sarta paring
sih-piwelas. Mugi kersa ngapunten
sekathahing dosanipun umat Paduka.
40 Samenika, dhuh Allah kawula,
kersaa menggalih dhateng kawula sarta
miyarsakaken pandonga ingkang kawula
unjukaken saking papan menika.
41 Kersaa jumeneng, dhuh Allah! Lan
sesarengan kaliyan Pethining Prejanjian
ingkang dados lambanging pangwaos
Paduka, mlebet ing Dalem Pamujan
menika, sarta dedalem ing ngriku
selami-laminipun. Mugi kersa mberkahi
pedamelanipun para imam Paduka,
lan mugi sedaya umat Paduka ngalami
karaharjan, awit saking berkah Paduka.

42 Dhuh Pangéran, pandonganipun raja
ingkang sampun Paduka pilih menika
mugi sampun ngantos Paduka tampik."

7 1 Sawisé Raja Suléman rampung
enggoné ndedonga, nuli ana geni
saka langit ngobong kurban-kurban
sing disaosaké marang Allah. Cahya
kamulyané Allah ngebaki Pedalemané
Allah mau kabèh,
2 nganti para imam padha ora bisa
mlebu ing kono.
3 Bareng rakyat Israèl ndeleng ana
geni tumurun saka langit lan cahya
kamulyané Allah ngebaki Pedalemané
Allah, banjur padha sujud ing lemah
sarta nyembah lan memuji marang
Allah, merga Panjenengané nindakaké
kasaénan lan sihé langgeng ing
selawasé.
4 Sawisé mengkono Raja Suléman lan
wong kabèh kang ana ing kono nuli
padha saos kurban marang Allah.
5 Raja Suléman nyaosaké kurban
keslametan rupa sapi 22.000 lan wedhus
gèmbèl 120.000. Mengkono Sang
Prabu lan rakyat kabèh enggoné padha
nganakaké pangibadah masrahaké
Pedalemané Allah marang Pangéran.

6 Para imam padha ngadeg ing
panggonané dhéwé-dhéwé, adhep-
adhepan karo wong Lèwi sing padha
memuji marang Pangéran nganggo
alat musik sing digawé déning Raja
Dawud, karo menyanyi, "Sih-kadarmané
langgeng ing selawasé," kaya sing
diwarahaké déning Raja Dawud. Para
imam padha ngunèkaké slomprèt lan
rakyat kabèh padha ngadeg.
7 Latar ing ngarepé Pedaleman mau
sing tengah banjur disucèkaké kagem
Allah. Panggonan mau banjur kagawé
saos kurban obongan, kurban dhaharan
nganggo gajih saka kurban keslametan.
Suléman enggoné saos kurban ana ing
kono jalaran mesbèh prunggu sing wis
digawé keciliken kanggo kurban mau
kabèh.
8 Ing Pedalemané Allah kono Suléman
lan umat Israèl kabèh padha nganakaké
Riaya Tarub Godhong nganti pitung dina
lawasé. Wong sing padha nglumpuk ing
kono akèh banget, yakuwi wong-wong
saka dalan Hamat ing sisih Lor tekan
tapel watesé tanah Mesir ing sisih Kidul.
9 Enggoné nglumpuk ing kono merga
nucèkaké mesbèh kagem Allah, lawasé

pitung dina, sawisé kuwi disambung
pitung dina menèh kanggo ngriayakaké
Riaya Tarub Godhong. Ing dina
pungkasan dianakaké pésta tutupan,
10 lan ésuké, yakuwi tanggal telulikur
sasi kapitu Raja Suléman ndhawuhi
wong-wong supaya padha mulih. Wong
kabèh padha bungah nampani sihé Allah
sing wis katindakaké marang Israèl,
umaté, semono uga marang Raja Dawud
lan Raja Suléman.
11 Sawisé Raja Suléman rampung
enggoné yasa Pedalemané Allah lan
kedhatoné kaya sing dirancang,
12 Allah banjur ngetingal menèh
marang Raja Suléman ing wayah
bengi. Pangandikané, "Pandongamu
wis Dakjurungi, lan srana mengkono
Pedaleman sing kokgawé iku dadi
panggonan suci kanggo nindakaké
pangibadah marang Aku ing selawas-
lawasé.
13 Yèn Aku ora nekakaké udan utawa
nekakaké walang sing ngentèkaké
pametuné bumi utawa nekakaké lelara
marang umat-Ku,
14 mangka umat-Ku banjur ngasoraké
awaké lan ndedonga marang Aku,

sarta mratobat saka dosané lan ninggal
penggawéné sing ala, Aku saka ing
swarga bakal miyarsakaké pandongané.
Aku bakal ngapura dosa-dosané lan
tanahé bakal Dakgawé subur menèh.
15 Pedaleman iki bakal tansah
Dakgatosaké lan sakèhé pandonga
kang diaturaké ing Pedaleman iki bakal
Dakpiyarsakaké.
16 Kuwi mau kabèh merga papan iki wis
Dakpilih lan Daksucèkaké dadi papan
pangibadah marang Aku ing selawas-
lawasé. Mulané papan pangibadah iki
bakal tansah Dakgatosaké lan Dakreksa.
17 Yèn kowé, kaya bapakmu Dawud,
nglakoni dhawuh-dhawuh-Ku lan
nindakaké sakèhé prekara mau.
18 Aku bakal netepi janji-Ku marang
bapakmu Dawud, yakuwi selawasé bakal
ana anak-turuné sing dadi raja ing Israèl.
19 Nanging yèn kowé lan rakyatmu
nglanggar dhawuh-dhawuh-Ku sarta
nyembah marang déwa-déwa.
20 Aku bakal nundhung kowé kabèh
saka tanah sing Dakparingaké marang
kowé. Omah sing wis Dakpilih dadi
papan pamujan marang Aku iki iya bakal
Daktinggal. Wong Israèl saparan-paran

bakal dicacad lan dipoyoki déning para
bangsa.
21 Lan Pedaleman Pamujan sing saiki
dimulyakaké iki bakal gawé gumuné lan
kagèté wong sing padha liwat ing kono.
Bakal padha muni, ‘Apa sebabé déné
tanah lan Dalem Pamujan iki digawé
mengkono déning Allah?’
22 Banjur wong-wong bakal padha
mangsuli, ‘Kuwi merga umat Israèl
nyingkur marang Pangéran Allahé, kang
wis ngirid lakuné para leluhuré metu
saka tanah Mesir, sarta padha nyembah
lan ngabekti marang déwa-déwa.
Kuwi sebabé Gusti Allah nekakaké
kasengsaran marang umat.’"
8 1 Raja Suléman enggoné yasa
Pedalemané Allah lan kedhatoné mau
suwéné rong puluh taun.
2 Kutha-kutha sing diparingaké déning
Raja Hiram marang Suléman dibangun
menèh. Wong Israèl padha didhawuhi
manggon ing kono.
3 Suléman nelukaké daérah Hamat lan
Zoba,
4 semono uga kutha Palmira sing ana
bètèngé, sing dunungé ana ing ara-ara

samun. Kutha-kutha sing kanggo nandho
pangan ing Hamat uga dibangun menèh.
5 Kutha Bèt-Horon nDhuwur lan
Bèt-Horon-Ngisor dibangun menèh dadi
kutha nganggo bètèng, sing gapurané
bisa ditutup nganggo slarak kayu.
6 Kutha Baalat iya dibangun menèh
lan kutha-kutha kabèh sing kanggo
nyimpen tandhon pangan. Semono
uga kutha-kutha sing kanggo nyimpen
kréta-kréta perang lan jaran-jarané.
Sakèhé rancangan mau kabèh kanggo
mbangun Yérusalèm, Libanon lan
wilayah-wilayah sing dadi jajahané Raja
Suléman, wis kelakon ditandangi nganti
rampung.
7 Anak-turuné wong Kenaan kabèh sing
ora dipatèni déning wong Israèl nalika
mlebu ngrebut tanah kono, didadèkaké
batur-tukon déning Raja Suléman.
Yakuwi wong Hèt, Amori, Fèris, Hèwi lan
Yébus. Tekan sepréné wong-wong mau
isih tetep dadi batur-tukon.
8 (8:7)
9 Wong Israèl dhéwé ora didadèkaké
batur-tukon, nanging tugasé dadi
prejurit, perwira, komandhan kréta
perang lan prejurit jaranan.

10 Ana pegawé 250 sing dipasrahi
tanggung jawab ngawasi wong-wong
sing nglakoni kerja-peksan ing proyek-
proyek pembangunan werna-werna.
11 Garwané Raja Suléman, putra-
putriné raja Mesir, dipindhah saka
kuthané Dawud menyang dalem sing
diyasa kanggo garwané mau. Sebab Raja
Suléman ngandika, "Garwaku ora kena
manggon ana ing kedhatoné Dawud, raja
Israèl, sebab kabèh panggonan sing tau
dienggo ndokokaké Pethining Prejanjian
kuwi suci."
12 Raja Suléman saos kurban obongan
konjuk marang Allah ana ing mesbèh sing
dipasang ana ing ngarepé Pedalemané
Allah.
13 Kurban-kurban mau saben riaya
disaosaké manut prenatané Musa,
yakuwi dina Sabbat, Riaya Sasi Anyar
lan riaya telung rupa, sing diriayakaké
saben taun, yakuwi Riaya Pésta Roti
Tanpa Ragi, Riaya Panèn, lan Riaya Tarub
Godhong.
14 Raja Suléman mrenata tugas-
tugas pedinan kanggo para imam lan
wong-wong Lèwi sing mbiyantu para
imam sajroné nglakoni pegawéané lan

sajroné ngaturaké nyanyian, kaya sing
diprenata déning Raja Dawud, ramané.
Uga wong-wong sing jaga gapuranė
Pedalemané Allah diklompok-klompok,
saben gapura sarombongan, manut
pituduhé Raja Dawud, abdiné Allah.
15 Pituduhé Raja Dawud kanggo para
imam lan wong Lèwi bab gudhang-
gudhang lan bab liya-liyané, kabèh
diturut klawan tliti.
16 Mengkono pegawéan-pegawéan sing
dirancang déning Raja Suléman wis
rampung kabèh. Pegawéan mbangun
Pedalemané Allah wiwit saka pondhasi
tekan rampungé wis katindakaké kabèh
kanthi becik.
17 Sawisé mengkono Raja Suléman
banjur tindak menyang Ézion-Gèbèr lan
menyang Éliot, kutha pelabuhan ing
pesisir Teluk Akaba, ing tanah Édom.
18 Raja Hiram ngirimaké kapal-kapal
sapegawéné sing prigel nglakokaké,
kagem Raja Suléman. Wong-wong mau
bebarengan karo para abdiné Raja
Suléman padha lelayaran menyang
tanah Ofir njupuk emas 15.000 kilogram,
diaturaké marang Raja Suléman.

9 [1] Ratu ing tanah Séba mireng
kondhangé Raja Suléman. Mulané
banjur rawuh ing Yérusalèm saprelu
ndadar kawicaksanané Raja Suléman
srana pitakonan sing angèl-angèl.
Rawuhé didhèrèkaké pengiring akèh
lan unta sing dimomoti anggi-anggi,
watu aji lan emas akèh banget. Bareng
kepanggih karo Raja Suléman, Sang
Ratu nuli nyuwun pirsa bab sabarang
prekara sing tuwuh ing penggalihé.
[2] Pitakonan mau kabèh diwangsuli
déning Raja Suléman, ora ana siji waé
sing angèl kagem panjenengané.
[3] Sang Ratu pirsa dhéwé sepira
kawicaksanané Raja Suléman, lan
gumun pirsa kedhaton sing dibangun.
[4] Sang Ratu pirsa patrapé para pegawé
kraton padha nyambut-gawé manut
prenatan sing wis katemtokaké; pirsa
penganggoné seragam lan kamar-
kamar sing padha dienggo turu. Uga
pirsa dhaharan sing diladèkaké lan
penganggoné para pelayan sing ngladèni
yèn ana pésta. Pirsa uga kurban-kurban
sing disaosaké déning Raja Suléman ing
Pedalemané Allah. Kuwi kabèh marakaké

Ratu ing tanah Séba mau gumuné ora
entèk-entèk.
5 Mulané banjur matur marang Raja
Suléman, "Sedaya prekawis ingkang kula
pireng ing negari kula bab panjenengan
lan kawicaksanan panjenengan menika
nyata!
6 Nanging sasampunipun kula dhateng
lan nyipati piyambak samukawis
prekawis wau, samenika kula saweg
yakin, bilih menapa ingkang kula
pireng menika mboten wonten
sepalihipun saking ingkang kula tingali.
Nyatanipun kawicaksanan lan kasugihan
panjenengan menika langkung ageng
ketimbang kaliyan ingkang kawartosaken
dhateng kula.
7 Iba begjanipun para pegawé ingkang
tansah wonten ing sacelak panjenengan,
sebab saged sami mireng piyambak
sakathahing piwulang panjenengan
ingkang kebak kawicaksanan!
8 Pinujia Pangéran, Allah panjenengan!
Srana enggènipun ngangkat
panjenengan dados raja, awit Allah
ngetingalaken renaning penggalihipun
dhateng panjenengan. Sihipun dhateng
bangsa Israèl tanpa winates, pramila

Allah ngangkat panjenengan dados
rajanipun, supados panjenengan
nindakaken prekawis ingkang leres lan
adil."
9 Sawisé mengkono Raja Suléman
banjur dicaosi hadiah enggoné ngasta
saka Séba, yakuwi emas 4.000 kilogram
luwih, watu aji akèh banget, lan anggi-
anggi. Sapungkuré kuwi Sang Prabu
Suléman ora tau nampa anggi-anggi sing
akèhé kaya sing diaturaké déning Ratu
ing tanah Séba marang panjenengané.
10 Para abdiné Raja Hiram lan abdiné
Raja Suléman sing nggawa emas
saka Ofir kagem Sang Prabu Suléman
uga padha nggawa watu aji lan kayu
cendhana.
11 (Kayu mau digawé undhak-undhakan
ing Pedalemané Allah lan ing kedhatoné
Sang Prabu. Uga dienggo gawé clempung
lan slukat kanggo para ahli musik. Sing
mengkono mau durung tau kelakon ing
tanah Yéhuda.)
12 Raja Suléman maringaké marang
Sang Ratu tanah Séba samubarang sing
disuwun, kejaba hadiah-hadiah sing
lumrahé diparingaké déning Sang Prabu
marang tamuné. Sang Ratu nuli kondur

menyang negarané bebarengan karo
para pendhèrèké.
13 Saben taun Raja Suléman nampi
emas sing boboté mèh 23.000 kilogram,
14 durung kepétung pajeg saka para
sudagar, saka raja-raja Arab lan
gubernur-gubernur ing tanah Israèl.
15 Raja Suléman yasa tamèng-tamèng
gedhé rong atus sing dilapis emas murni,
saben tamèng ngentèkaké emas kurang
luwih pitung kilogram.
16 Uga gawé tamèng sing rada cilik
telung atus. Kabèh dilapis emas murni.
Saben tamèng ngentèkaké emas
murni kurang luwih telung kilogram.
Tamèng-tamèng mau kabèh didokokaké
ana ing bangsal sing karan Bangsal Alas
Libanon.[f]
17 Sang Prabu uga yasa dhampar[g]
gedhé, dilapis gadhing lan emas murni.
18 Dhampar mau ana undhak-
undhakané nem. Sikilé dhampar mau

---

[f]Bangsal Alas Libanon: Namanipun salah setunggaling bangsal ing kedhatonipun Raja Suléman kanggé upacara-upacara resmi. Dipun sebut mekaten, mergi témbokipun dipun lapis mawi kajeng cemara Libanon.

[g]dhampar: kursi ingkang dipun lenggahi Sang Prabu ing upacara-upacara resmi.

dilapis emas, dadi siji karo sikilé
kursi. Dhampar mau ana lengené.
Kiwa-tengené ana recané singa.
19 Saben undhak-undhakan ing pinggiré
kiwa-tengen iya ana recané singa, dadi
recané singa kabèh ana rolas. Ing kraton
endi waé ora ana dhampar sing kaya
ngono.
20 Tuwung unjukané Sang Prabu
Suléman kabèh kagawé saka emas,
semono uga prabot ing Bangsal Alas
Libanon kabèh kagawé saka emas murni.
Ing jamané Sang Prabu Suléman slaka
ora ana regané.
21 Raja Suléman uga kagungan kapal
gedhé-gedhé akèh, sing lelayaran ing
segara, bebarengan karo kapal-kapalé
Raja Hiram. Setaun ping telu kapal-kapal
mau padha bali nggawa emas, slaka,
gadhing, kethèk lan manuk merak.
22 Kasugihan lan kawicaksanané Raja
Suléman ngungkuli raja-raja sajagad
kabèh.
23 Kabèh wong padha kepéngin teka
ngrungokaké piwulangé Sang Prabu sing
kebak kawicaksanan peparingé Allah.
24 Saben wong sing sowan nyaosaké
pisungsung marang Sang Prabu. Ana

sing nyaosaké barang saka slaka, ana
sing saka emas, ana sing nyaosaké
ageman, gegaman, anggi-anggi, jaran
lan bihal. Kaya mengkono mau tumindak
saben taun.
25 Kandhang jaran lan kréta kagungané
Sang Prabu Suléman cacahé patang
èwu. Jaran sing kanggo perang ana
rolas èwu. Sapérangan dipapanaké ing
Yérusalèm, liyané ana ing kutha-kutha
liya.
26 Sang Prabu Suléman mbawahaké
raja-raja kabèh sing ana ing wilayah
antarané Bengawan Éfrat tekan tanah
Filistia lan tapel watesé tanah Mesir.
27 Dhèk jamané Sang Raja Suléman
slaka ora ana regané, ora béda karo
watu. Lan kayu cemara Libanon
turah-turah ora béda karo wit ara.
28 Raja Suléman nekakaké jaran saka
Mesir lan saka negara endi waé.
29 Riwayaté Raja Suléman wiwit-wiwitan
tekan pungkasan wis kacathet kabèh ing
Kitab Sejarah kang katulis déning Nabi
Natan lan ing Kitab Ramalané Ahia, wong
Silo, sarta ing Kitab Wahyu kang katulis
déning Nabi Idho, sing iya ngemot

riwayaté pepréntahané Yérobéam, raja
Israèl.
30 Raja Suléman enggoné dadi raja
ing Yérusalèm ngwasani satanah Israèl
kabèh, suwéné patang puluh taun.
31 Sawisé mengkono nuli séda lan
disarèkaké ing kuthané Dawud.
Réhabéam, putrané, ngganti dadi raja.
10 1 Réhabéam tindak menyang
Sikèm, merga rakyat Israèl sisih
Lor wis padha nglumpuk ana ing kono
arep ngangkat panjenenganÉ dadi raja.
2 Bareng Yérobéam bin Nébat, sing
ngungsi menyang tanah Mesir merga
ngoncati Raja Suléman, krungu, banjur
énggal-énggal bali menyang tanah
Israèl.
3 Yérobéam pancèn diundang déning
rakyat Israèl sisih Lor diajak ngadhep
Réhabéam bebarengan. Aturé rakyat
marang Réhabéam,
4 "Sesanggènipun keng rama Suléman
kanggé kula awrat sanget. Menawi
panjenengan kersa paring kaènthèngan,
kula sami badhé sumuyud dhateng
panjenengan."

5 Wangsulané Réhabéam, "Dakpikiré
dhisik. Telung dina engkas balia mréné."
Wong-wong mau banjur padha mulih.
6 Réhabéam banjur njaluk rembug
karo wong tuwa-tuwa sing biyèn dadi
penaséhaté Raja Suléman, ramané
Réhabéam. Tembungé, "Aku kudu muni
apa karo wong-wong kuwi? Rembugmu
kepriyé?"
7 Wangsulané wong tuwa-tuwa mau,
"Menawi panjenengan nindakaken
kasaénan dhateng tiyang-tiyang menika
lan nglegani manahipun srana paring
wangsulan ingkang saé, tiyang-tiyang
menika temtu badhé setya dhateng
panjenengan ing selami-laminipun."
8 Nanging Réhabéam ora manut
rembugé wong tuwa-tuwa mau. Malah
nekani wong nom-nom pantarané, sing
didadèkaké penaséhaté.
9 Pitakoné Réhabéam marang wong
nom-nom mau, "Aku kudu mangsuli
kepriyé karo wong-wong sing padha
njaluk kaènthènganing sesanggané?"
10 Wangsulané wong nom-nom
mau, "Prayogi panjenengan ngandika
mekaten, ‘Saringkih-ringkihku aku isih
luwih rosa ketimbang karo bapakku.

11 Bapakku paring sesanggan sing
abot marang kowé, nanging aku bakal
awèh sesanggan sing luwih abot menèh.
Yèn bapakku nggebugi kowé nganggo
penjalin, aku bakal mecuti kowé nganggo
cemethi kawat sing ana eriné!’"
12 Let telung dina Yérobéam lan
wong kabèh padha ngadhep marang
Raja Réhabéam menèh, kaya sing wis
kadhawuhaké.
13 Kosokbaliné saka rembugé para wong
tuwa, Raja Réhabéam ngandika marang
rakyat kanthi sengak,
14 kaya rembugé wong nom-nom,
"Sesanggané bapakku kokanggep abot,
sesanggan sing saka aku bakal luwih
abot menèh. Yèn bapakku nggebugi
kowé nganggo penjalin, aku bakal
mecuti kowé nganggo kawat sing ana
eriné!"
15 Dadi panyuwuné rakyat ora
digatèkaké. Nanging sing mengkono
mau pancèn wis dikersakaké déning
Allah, merga apa sing diweca déning
Nabi Ahia bab Yérobéam bin Nébat, kudu
kelakon.
16 Bareng ngerti yèn Réhabéam nampik
panyuwuné rakyat, wong-wong mau

banjur padha bengok-bengok, "Aja
urusan karo Dawud lan anak-turuné!
Pancèn padha ora tau gawé becik
marang kita. Ayo wong Israèl, padha
mulih waé. Karebèn Réhabéam kapiran!"
Dadi rakyat Israèl padha mbrontak,
17 lan Réhabéam mung ngerèh wilayah
Yéhuda thok.
18 Raja Réhabéam ndhawuhi Adoniram,
penggedhé sing ngurusi para buruh
kerja-peksan, supaya nentremaké
rakyat. Nanging Adoniram malah
dibenturi watu nganti mati. Pirsa
lelakon mau Réhabéam énggal-énggal
nyéngklak krétané nggeblas kondur
menyang Yérusalèm.
19 Wiwit dina kuwi rakyat Israèl sing
sisih Lor tansah nglawan marang
raja-raja turuné Dawud.

11 1 Bareng rawuh ing Yérusalèm
Raja Réhabéam banjur
nglumpukaké prejurit pilihan 180.000
saka klompok Bènyamin lan klompok
Yéhuda dienggo nglurug perang nyerang
wong Israèl lan mbalèkaké pangwasané
marang taler-taler Israèl sisih Lor.
2 Nanging Gusti Allah utusan Nabi
Semaya

3 didhawuhi matur mengkéné marang
Raja Réhabéam lan taler Yéhuda sarta
taler Bènyamin,
4 "Aja padha merangi sedulur-
sedulurmu wong Israèl. Padha muliha
kabèh. Apa sing kelakon kuwi wis dadi
kersa-Ku." Wong kabèh banjur padha
manut dhawuhé Pangéran lan wurung
enggoné arep nyerang Yérobéam.
5 Réhabéam dedalem ing Yérusalèm
lan dhawuh yasa bètèng-bètèng ing
kutha-kutha sing ana ing wilayah Yéhuda
lan Bènyamin,
6 yakuwi kutha Bètléhèm, Étam, Tekoa,
7 Bètzur, Sokho, Adulam,
8 Gat, Marésya, Zif,
9 Adoraim, Lakis, Azéka,
10 Zora, Ayalon lan Hébron.
11 Kutha-kutha mau disentosani
sarta ngangkat komandhan pasukan
kanggo saben kutha mau. Saben kutha
digawèkaké gudhang kanggo nyimpen
pangan, lenga zaitun lan anggur,
12 tamèng lan tumbak. Srana mengkono
wilayah Yéhuda lan Bènyamin tetep dadi
wewengkoné Réhabéam.

13 Para imam lan wong Lèwi satanah Israèl kabèh padha teka sumuyud marang Réhabéam.
14 Wong Lèwi padha ninggal panggonan lan palemahané sarta ngalih menyang Yéhuda lan Yérusalèm, merga ora diparengaké dadi imamé Pangéran déning Yérobéam, rajané Israèl lan déning para sing ngganti panjenengané.
15 Yérobéam wis ngangkat dhéwé imam-imam sing ngladèni ing papan panyembahané brahala. Yérobéam nyembah brahala lan para dhemit sarta reca sapi sing digawé dhéwé.
16 Wong-wong taler Israèl sing arep padha nyembah marang Pangéran, Allahé Israèl, padha lunga menyang Yérusalèm, ngetutaké wong-wong Lèwi, supaya bisa saos kurban marang Pangéran, Allahé para leluhuré.
17 Srana mengkono kraton Yéhuda dadi saya sentosa. Telung taun lawasé wong-wong mau padha mbiyantu préntahané Raja Réhabéam, putrané Suléman, lan padha urip bebrayan kaya dhèk jamané Dawud lan Suléman dadi raja.

18 Réhabéam krama karo Mahalat;
Mahalat kuwi putrané putri Yérimot,
putrané Raja Dawud; déné ibuné Abihail
binti Éliab, putuné Isai.
19 Putrané kakung telu, yakuwi: Yéus,
Semarya lan Zaham.
20 Réhabéam banjur nggarwa Maaka
anaké Absalom. Karo Maaka duwé
anak lanang papat: Abia, Atai, Ziza lan
Sélomit.
21 Garwané Réhabéam wolulas lan
seliré wolung puluh; putrané kakung
wolulikur, putrané putri wolung puluh.
Saka antarané garwa lan seliré, sing
dikasihi dhéwé Maaka.
22 Mulané Abia, anaké Maaka dikasihi
dhéwé ing antarané para putrané kabèh,
lan kuwi sing dipilih nggentèni dadi raja.
23 Réhabéam enggoné ngedum tugas
marang putra-putrané klawan wicaksana
lan padha disebar manggon ing kutha-
kutha sing ana bètèngé ing wilayah
Yéhuda lan Bènyamin. Padha dicawisi
pangan turah-turah, mengkono uga selir
pirang-pirang.

12 1 Kecrita nalika Réhabéam
enggoné dadi raja wis kuwat,

panjenenganė lan rakyaté kabèh banjur
padha ninggal marang dhawuhé Allah,
2 lan ora padha setya marang Pangéran.
Mulané banjur diukum déning Allah.
Bareng Réhabéam enggoné dadi
raja nyandhak limang tauné, Sisak,
raja Mesir, nglurug perang menyang
Yérusalèm,
3 nggawa kréta perang 1.200, tentara
jaranan 60.000 lan tentara sing ora kena
diétung cacahé, klebu uga tentara Libia,
Suki lan Sudan.
4 Kutha-kutha ing Yéhuda sing dibètèngi
kena direbut kabèh, banjur maju
nyerang Yérusalèm.
5 Nalika semono Raja Réhabéam lan
para pemimpiné Yéhuda wis padha
nglumpuk ing Yérusalèm, nedya mlayu
nyingkiri Sisak. Nanging Nabi Semaya
teka lan matur, "Pangéran ngandika
mekaten, ‘Kowé wis padha nyingkur
marang Aku, mulané saiki Aku uga
nyingkur marang kowé, temah kowé
saiki ditelukaké déning Sisak.’"
6 Sang Raja lan para pemimpin
padha ngakoni enggoné wis padha
nglakoni dosa. Aturé, "Menapa ingkang
katindakaken déning Allah menika adil."

7 Nalika Allah mirsa enggoné padha
ngasoraké awaké, banjur ngandika
menèh marang Nabi Semaya, dhawuhé,
"Sarèhné wis padha ngakoni kaluputané,
mulané ora bakal Daktumpes, nanging
bakal Dakbébasaké; Yérusalèm bakal
ora digempur. Senajan mengkono,
8 meksa bakal dijajah déning Sisak,
supaya padha ngrasakaké bédané
ngabdi marang Aku lan ngabdi marang
pangwasa kadonyan."
9 Raja Sisak banjur nyerbu kutha
Yérusalèm lan mundhut barang-barang
pengaji saka Pedalemané Allah lan saka
kedhatoné Sang Prabu Suléman.
10 Minangka gantiné Raja Réhabéam
gawé tamèng-tamèng saka prunggu lan
dipasrahaké marang para perwira sing
jaga gapura kedhaton.
11 Saben Sang Prabu tindak menyang
Pedalemané Allah, para perwira padha
nganggo tamèng-tamèng mau; sawisé
rampung banjur dibalèkaké menèh ing
kamar penjagan.
12 Sarèhné Sang Prabu wis ngasoraké
sarirané ana ing ngarsané Pangéran,
mulané dukané Allah banjur lilih lan

Réhabéam ora sida ditumpes. Tanah
Yéhuda pulih becik kaya mauné.
13 Pepréntahané Réhabéam ing
Yérusalèm saya gedhé pangwasané.
Nalika dadi raja yuswané patang puluh
siji taun lan lawasé ngasta pitulas taun
ana ing Yérusalèm, kutha sing kapilih
déning Allah saka antarané tanah Israèl
kabèh, dadi papan pamujan kagem
Panjenenganė. Ibuné Réhabéam asmané
Naamah saka tanah Amon.
14 Réhabéam nglakoni kang ala merga
ora ngudi nindakaké kersané Allah.
15 Riwayaté Raja Réhabéam saka
wiwitan tekan pungkasan lan sarasilahé
dicathet ing Kitab Babad sing katulis
déning Nabi Semaya lan ing Kitab
Sejarah sing katulis déning Nabi Idho.
Réhabéam lan Yérobéam ora tau lèrèn
perang.
16 Réhabéam séda lan kasarèkaké ing
pesaréané para raja ing kuthané Dawud.
Abia, putrané, nggentèni dadi raja.

13

1 Nalika Raja Yérobéam enggoné
dadi raja nyandhak wolulas taun,
Abia dadi raja ing Yéhuda.
2 Kedhatoné ana ing Yérusalèm; lawasé
dadi raja telung taun. Ibuné asmané

Mikhaya binti Urièl, saka kutha Gibéa.
Kecrita Abia lan Yérobéam padha
perang;
3 prejuritè Abia 400.000, Yérobéam
800.000.
4 Pasukan loro mau padha adu-arep ana
ing pegunungan Éfraim. Abia munggah
ing Gunung Zemaraim sarta nguwuh
marang Yérobéam lan wong Israèl,
"Rungokna!
5 Kowé padha ngerti yèn Pangéran,
Allahé Israèl wis janji karo Dawud, yèn
saturun-turuné bakal ngratoni Israèl
ing selawas-lawasé. Janji mau ora kena
dibatalaké.
6 Éwasemono Yérobéam bin Nébat
mbrontak marang Suléman, rajané.
7 Yérobéam nglumpukaké wong
durjana sawetara lan mèpètaké marang
Réhabéam, putrané Suléman, sing
nalika semono isih nom lan durung duwé
pengalaman, supaya nglakoni karepé.
8 Kowé saiki ngira yèn bisa nglawan
pangwasa sing diparingaké déning
Pangéran marang turuné Dawud, merga
balamu akèh lan kowé duwé sapi-sapi
emas, sing didadèkaké allahmu déning
Yérobéam.

9 Apa imam-imamé Pangéran, anak-
turuné Harun, lan wong-wong Lèwi
ora wis padha koklungakaké kabèh?
Minangka gantiné sapa waé sing
kepéngin dadi imam, angger wong
nggawa sapi siji utawa wedhus gèmbèl
pitu, kokdadèkaké imam, kanggo
ngladèni déwamu sing dudu Allah,
sebab pancèn kaya mengkono carané
bangsa-bangsa liya enggoné ngangkat
wong dadi imam. Nanging mungguhing
aku ora mengkono.
10 Aku padha tetep ngabdi marang
Pangéran, Allahku, lan ora ninggal
Panjenengané. Imam-imamku kuwi
anak-turuné Harun, lan tetep dibiyantu
déning wong-wong Lèwi.
11 Saben ésuk lan soré padha ngobong
menyan lan nyaosaké kurban obongan
konjuk ing Pangéran, sarta nyaosaké
roti sajèn ing méja. Saben bengi padha
nyumed diyan-diyan ing papan lampu
saka emas. Aku padha tetep ngèstokaké
dhawuh-dhawuhé Pangéran. Nanging
kowé wis padha ninggal Panjenengané.
12 Pemimpinku Allah piyambak, lan
para imamé ana ing kéné. Wis padha
cumawis ngunèkaké slomprèt, minangka

pretandha kanggo balaku supaya
nggempur kowé. Hé, sedulur-sedulurku
wong Israèl, aja padha nglawan marang
Pangéran, Allahé leluhurmu! Kowé ora
bakal bisa menang!"
13 Nanging Yérobéam klawan
sesidheman nglakokaké sebagéan
pasukané nyerbu pasukan Yéhuda saka
mburi, sebagéan liyané dikon nyerbu
saka ngarep.
14 Bareng pasukan Yéhuda weruh
yèn dikepung banjur padha nyuwun
pitulungan marang Pangéran. Para imam
nuli padha ngunèkaké slomprèt,
15 pasukan Yéhuda nuli padha surak-
surak lan maju perang, dipimpin déning
Abia. Yérobéam lan pasukan Israèl
dikalahaké déning Allah,
16 nganti padha keplayu. Gusti Allah
paring kemenangan marang Yéhuda.
17 Abia enggoné nggempur pasukan
Israèl temenan lan matèni prejurit Israèl
500.000.
18 Wong Yéhuda menang, merga
padha precaya marang Pangéran, Allahé
leluhuré.
19 Nalika ngoyak pasukané Yérobéam,
Abia nyambi ngrebut kutha sawetara lan

désa-désa ing sakiwa-tengené, yakuwi
kutha-kutha Bètèl, Yesana lan Éfron.
20 Selawasé Abia dadi raja, Yérobéam
ora bisa mbalèkaké pangwasané.
Pungkasané Yérobéam diukum déning
Pangéran.
21 Nanging Abia saya wuwuh kwasané.
Garwané patbelas, putrané kakung
rolikur lan putrané putri nembelas.
22 Riwayaté Abia liyané, pangandikané
lan pendamelé kabèh katulis ing Kitab
Sejarahé Nabi Idho.

14 1 Sawisé Raja Abia séda lan
disarèkaké ing pesaréané para
raja ing kuthané Dawud, Asa putrané,
ngganti dadi raja. Selawasé Asa dadi
raja, tanah Israèl ngalami katentreman,
lawasé sepuluh taun.
2 Asa gawé renaning penggalihé Allah,
merga tumindak adil lan becik.
3 Mesbèh-mesbèh bangsa manca
disingkiraké, mengkono uga papan-
papan kanggo nyembah brahala.
Punthuk-punthuk sing kanggo nyembah
déwa-déwa digempur, cagak-cagaké
recané Dèwi Asyéra dirubuhaké.
4 Rakyat Yéhuda didhawuhi nglakoni
prenatané Pangéran, Allahé leluhuré,

sarta nglakoni piwulang-piwulang lan
dhawuh-dhawuhé.
5 Papan-papan panyembahané brahala
lan panggonan-panggonan sing kanggo
ngobong menyan, kabèh disingkiraké
saka kutha-kutha Yéhuda. Mula
sasuwéné dierèh déning Sang Prabu
Asa, satanah kono kabèh ngalami
katentreman,
6 nganti panjenengané bisa yasa
bètèng-bètèng ing kutha-kuthané
Yéhuda kabèh. Sawetara taun lawasé
ora ana perang, merga Pangéran paring
katentreman.
7 Pangandikané Asa marang rakyat
Yéhuda mengkéné, "Beciké kita padha
nyentosakaké kutha-kutha srana
ngedegaké témbok ngubengi kutha,
nganggo menara-menara lan régol ing
gapura sing kena dikancing nganggo
slorogan. Kita bisa ngwasani tanah
kéné merga kita mbangun-turut marang
Pangéran, Allah kita. Panjenengané sing
ngayomi kita lan ngreksa katentreman
ing tanah kéné kabèh." Mulané rakyat
banjur miwiti mbangun nganti rampung
klawan becik.

8 Tentarané Raja Asa saka taler Yéhuda ana 300.000, siap nggawa tamèng lan tumbak, sing saka taler Bènyamin 280.000, gamané tamèng, gendhéwa lan panah. Prejurit-prejurit mau kendel-kendel lan trampil olèh gegaman.
9 Kecrita Zérah, wong Sudan nglurug nyerang Yéhuda nggawa pasukan cacahé sayuta lan kréta perang telung atus. Enggoné nyerbu tekan Marésya.
10 Asa banjur metoni perang, ngadhepi Zérah. Loro-loroné padha nata barisané ing Lebak Zefata, sacedhaké Marésya.
11 Asa banjur ndedonga marang Pangéran, Allahé, "Dhuh Pangéran, namung Paduka ingkang saged paring pitulungan dhateng tiyang sèkèng ingkang nglawan tiyang rosa. Mugi samenika kersa mitulungi dhateng kawula, dhuh Pangéran, Allah kawula! Kawula namung pitados dhateng Paduka lan atas Asma Paduka kawula sami majeng perang nglawan pasukan ingkang ageng sanget menika. Dhuh Pangéran, Paduka menika Allah kawula. Sampun ngantos marengaken manungsa ngawonaken Paduka."

12 Asa lan tentara Yéhuda banjur
nyerang tentara Sudan. Pangéran nuli
nyerang tentara Sudan, nganti padha
keplayu.
13 Asa lan balané nuli ngoyak tentara
Sudan mau nganti tekan Gérar. Tentara
Sudan sing tiwas akèh banget, nganti ora
bisa nglawan, merga ditumpes déning
Pangéran lantaran tentara Yéhuda.
Barangé akèh sing dirampas déning
tentara Yéhuda.
14 Semono uga kutha-kuthané ing
wilayah sakiwa-tengené Gérar, kabèh
digempur, merga penduduké digawé
wedi déning Pangéran. Kutha-kutha
mau kabèh dijarah-rayah déning tentara
Yéhuda, nganti barang rampasané akèh
banget.
15 Uga kémah-kémahé wong-wong
sing ngingu raja-kaya diserang, lan
raja-kaya rupa wedhus gèmbèl lan unta
sing dirampas akèh banget. Sawisé
mengkono banjur padha mulih menyang
Yérusalèm.

15 1 Nabi Azaria bin Odèd kapenuhan
ing Rohé Allah,
2 nuli sowan ing ngarsané Sang Prabu
Asa, unjuké, "Sang Prabu Asa tuwin para

penduduk Yéhuda lan Bènyamin sedaya! Kula aturi migatosaken! Pangéran menika celak kaliyan panjenengan, samasa panjenengan celak kaliyan Pangéran. Menawi panjenengan mbetahaken pitedah, Pangéran badhé maringi pitedah. Nanging menawi panjenengan mboten ngabekti dhateng Pangéran, Pangéran inggih mboten badhé mberkahi panjenengan.

3 Dangu sanget Israèl mboten ngabekti dhateng Allah ingkang sejati lan mboten sami angsal pitedah saking para imam sarta mboten sami nglampahi dhawuh-dhawuhipun Pangéran, Allahipun Israèl.

4 Nanging nalika sami manggih karibedan lajeng sami sowan dhateng Pangéran, Allahipun Israèl. Sami nyuwun pitedahipun, mangka Allah inggih lajeng maringi.

5 Nalika semanten tiyang mboten saged kekésahan kalayan tentrem, mergi ing saben negari wonten reresah.

6 Bangsa sami bangsa memengsahan lan negari sami negari sami gentos nindhes, mergi Allah ndhatengaken reresah dhateng bangsa-bangsa wau.

7 Nanging panjenengan sami kula
aturi sami gagah lan kendel, awit déné
kangèlan panjenengan temtu badhé
angsal ganjaran."
8 Nalika mireng pangandikané Nabi
Azaria bin Odèd mau, Raja Asa tuwuh
semangaté. Sakèhé brahala ing Yéhuda
lan Bènyamin banjur disingkiraké,
semono uga sing ana ing kutha-kutha
ing pegunungan Éfraim sing wis
ditelukaké. Mesbèhé Pangéran sing ana
ing platarané Pedalemané Allah iya nuli
didandani.
9 Akèh wong Éfraim, Manasyè lan
Siméon padha nggabung mèlu Raja
Asa, lan manggon ing wilayah Yéhuda,
merga padha weruh yèn Pangéran
mitulungi marang Raja Asa. Wong-wong
mau diklumpukaké déning Raja Asa
bebarengan karo rakyat Yéhuda lan
rakyat Bènyamin ana ing Yérusalèm,
10 ing sasi katelu, taun ping limalasé
Asa dadi raja.
11 Ing dina mau padha nyaosaké kurban
konjuk marang Allah rupa sapi 700 lan
wedhus gèmbèl 7.000, yakuwi kéwan
sing dirampas nalika bali saka perang.

12 Ana ing kono padha janji marang
Pangéran yèn bakal padha nyembah
marang Panjenenganė, Allahé leluhuré
klawan gumolongé ati lan nyawané.
13 Sapa waé, tuwa apa nom, lanang
apa wadon sing ora nyembah marang
Pangéran mesthi diukum pati.
14 Kanthi swara sora padha sumpah
ing ngarsané Pangéran yèn arep padha
netepi janjiné mau. Sawisé mengkono
banjur padha surak-surak lan ngunèkaké
slomprèt.
15 Rakyat Yéhuda kabèh padha
bungah-bungah merga wis nglairaké
sumpahé marang Pangéran klawan
terus ing ati. Padha seneng nindakaké
pangibadah marang Pangéran, lan
Pangéran nampi pangibadahé mau. Allah
maringi katentreman ing satanah kono
kabèh.
16 Saterusé Raja Asa nglèrèhi Maaka
saka kalungguhané ibu Suri, merga
Maaka mau gawé reca Asyéra, dèwi
kasuburan. Reca mau diremuk dadi
sawalang-walang, nuli diobong ing Lebak
Kidron.
17 Senajan ora kabèh papan
panyembahané déwa digempur

déning Raja Asa, nanging sugengé Raja
Asa tetep setya marang Pangéran.
18 Kabèh emas lan slaka sarta barang-
barang liyané olèh-olèhané ngrampas
sajroning peprangan, semono uga
barang-barang kagungané ramané
disimpen déning Raja Asa ana ing
Pedalemané Allah.
19 Nganti nyandhak taun kaping telung
puluh lima pepréntahané Raja Asa tanah
kono ora tau ngalami perang.
16 1 Nalika Raja Asa enggoné dadi
raja ing Yérusalèm nyandhak
telung puluh enem taun, Baesa, raja
Israèl nyerang Yéhuda lan nyentosani
kutha Rama, kanggo nutup dalan sing
kanggo mlebu metu menyang Yéhuda.
2 Raja Asa banjur mundhut emas lan
slaka saka Pedalemané Allah lan saka
kedhatoné, dikirim menyang Bènhadad,
raja Siria, karo meling mengkéné,
3 "Sumangga kita sami damel prejanjian
kados ingkang sampun katindakaken
déning para tiyang sepuh kita. Sareng
lan sarta menika kula nyaosaken emas
lan slaka, kalayan panyuwun kersaa
panjenengan medhot sesambetan
panjenengan kaliyan Baesa, raja Israèl,

supados piyambakipun narik wangsul
tentaranipun saking daérah kula."
4 Bènhadad ngrujuki usulé Raja Asa, nuli
utusan perwira-perwirané karo pasukané
nyerang kutha-kutha Israèl. Kutha-kutha
sing ditelukaké yakuwi: Iyin, Dhan,
Abèl-Bèt-Maaka lan kutha-kutha sing
kanggo nyimpen tandhon ing Naftali.
5 Bareng Baesa krungu lelakon mau
banjur mbatalaké enggoné nyentosani
kutha Rama lan lunga saka kono.
6 Raja Asa banjur ngerigaké wong
Yéhuda kabèh didhawuhi ngusungi watu
lan kayu sing déning Baesa kanggo
nyantosani Rama. Barang-barang mau
dipigunakaké déning Raja Asa kanggo
nyantosani kutha Géba lan Mizpa.
7 Kecrita Nabi Hanani sowan marang
Raja Asa, aturé, "Sarèhné panjenengan
suméndhé dhateng raja Siria lan mboten
dhateng Pangéran Allah panjenengan,
pramila panjenengan mboten badhé
saged nelukaken tentara Siria.
8 Menapa Sudan lan Libia angkatan
perangipun mboten ageng sarta gadhah
kréta perang lan tentara kapalan?
Éwasemanten Pangéran maringi

kemenangan dhateng panjenengan,
mergi panjenengan pasrah ing Pangéran.
9 Menapa Pangéran mboten ngwaosi
bumi saisinipun lan ngetingalaken
kasektènipun dhateng tiyang-
tiyang ingkang setya dhateng
Panjenenganipun? Menapa ingkang
panjenengan tindakaken menika
kirang prayogi, pramila wiwit samenika
panjenengan badhé tansah ngalami
peprangan."
10 Aturé Nabi Hanani mau gawé dukané
Raja Asa, nganti nabi mau dilebokaké
ing kunjara. Nalika semono Raja Asa uga
nindakaké panganiaya marang rakyaté
sawetara.
11 Sejarahé pepréntahané Raja Asa
kabèh wis ditulis wiwit-wiwitan tekan
pungkasan ana ing Kitab Sejarahé
Raja-raja Yéhuda lan Israèl.
12 Nalika pepréntahané nyandhak taun
ping telung puluh sangané, sampéyané
Raja Asa karo-karoné gerah banget.
Éwasemono Raja Asa ora nyuwun
pitulungan marang Pangéran, malah
marang dhukun.
13 Let rong taun Raja Asa séda.

14 Layoné diborèhi nganggo anggi-anggi
lan lenga wangi, banjur disarèkaké ing
pesaréané raja-raja ing kuthané Dawud.
Kanggo ngurmati panjenengané rakyat
gawé api unggun gedhé banget.

17 1 Yosafat banjur nggentèni Asa,
ramané, dadi raja ing Yéhuda,
sarta nyentosani negarané supaya kuwat
nahan serangané Israèl.
2 Kutha-kutha ing Yéhuda sing ana
bètèngé kabèh dijaga tentara, mengkono
uga daérah-daérah sanjabané kutha, lan
kutha-kutha sing direbut déning ramané
ing tanah Éfraim.
3 Yosafat diberkahi déning Pangéran,
merga tiru ramané, ora nyembah
marang Baal,
4 nanging marang Allah. Yosafat
nglampahi dhawuh-dhawuhé Allah, lan
uripé ora kaya raja-raja ing Israèl.
5 Pepréntahané ing Yéhuda
disentosakaké déning Allah. Rakyat
padha saos pisungsung, mulané Raja
Yosafat dadi sugih lan kinurmatan.
6 Klawan kencenging tékad Yosafat
ngèstokaké dhawuhé Pangéran, yakuwi
nggempur papan panyembahané para

brahala kabèh, sarta reca-recané Dèwi
Asyéra ing Yéhuda.
7 Nalika pepréntahané nyandhak
taun kateluné, Raja Yosafat ngutus
punggawa-punggawané sing dhuwur
pangkaté, didhawuhi mulang marang
rakyat ing kutha-kutha Yéhuda bab
prenatan-prenatané Allah. Kayata
Bènhail, Obaja, Zakharia, Nétanéèl lan
Mikha.
8 Wong-wong mau dikancani wong
Lèwi lan imam sanga. Wong-wong
Lèwi mau yakuwi: Semaya, Nétanya,
Zebaya, Asaèl, Semiramot, Yonatan,
Adoniram, Tobia lan Tob-Adonia. Déné
imam-imamé: Élisama lan Yoram.
9 Wong-wong mau padha sumebar
ing kutha-kutha Yéhuda karo nggawa
Kitab Prenatan-prenatané Pangéran lan
mulang rakyat sing ana ing kana.
10 Para raja sakiwa-tengené Yéhuda
digawé wedi déning Pangéran nganti
padha ora wani nglawan perang marang
Raja Yosafat.
11 Malah wong Filistin padha nyaosi
pisungsung rupa emas lan slaka, semono
uga wong Arab padha nyaosaké wedhus
gèmbèl 7.700 lan wedhus jawa 7.700.

12 Mengkono Raja Yosafat saya tambah
gedhé pangwasané. Panjenenganè
mbangun bètèng-bètèng lan kutha-
kutha kanggo nandho pangan wrata
satanah Yéhuda kabèh.
13 Kutha-kutha mau dikebaki barang-
barang tandhon. Ing Yérusalèm didokoki
perwira-perwira sing gagah-prakosa,
saben perwira karo pasukané
14 miturut klompoké dhéwé-dhéwé.
Adna kuwi panglima pasukané gotrah-
gotrah Yéhuda. Prejurité 300.000.
15 Perwira sing nomer loro jenengé
Yohanan, prejurité 280.000.
16 Wong katelu jenengé Amazia bin
Zikri, prejurité 200.000. (Amazia kuwi
sukarelawan sing ngabdi marang Allah.)
17 Panglimané pasukan saka gotrah-
gotrah Bènyamin jenengé Éliada,
pejuang sing gagah-prakosa. Prejurité
200.000, nggawa gegaman panah lan
tamèng.
18 Wong nomer loro ing pasukan kono
jenengé Yozabad, prejurit sing dipimpin
180.000 siap gegaman kabèh.
19 Wong-wong kuwi kabèh sing tugas
ana ing Yérusalèm. Kejaba saka kuwi,
sang Prabu iya mapanaké pasukan-

pasukan liyané menèh ing bètèng-bètèng
ing wilayah Yéhuda.
18 1 Nalika Yosafat, raja Yéhuda,
wis dadi sugih lan misuwur,
panjenengané nuli njodhokaké putrané
karo salah sawijining seduluré Akhab,
raja Israèl.
2 Let sawetara taun Raja Yosafat
mertamu ing dalemé Raja Akhab ing
kutha Samaria. Kanggo ngurmati Raja
Yosafat lan pendhèrèk-pendhèrèké,
Akhab nganakaké pésta gedhèn,
nyembelèh wedhus gèmbèl lan sapi
akèh. Ana ing pésta kono Raja Akhab
ngajak Raja Yosafat nglurugi perang
kutha Ramot ing tanah Giléad,
3 pangandikané, "Menapa panjenengan
kersa sareng kaliyan kula nyerang kitha
Ramot?" Wangsulané Raja Yosafat,
"Prayogi, kita nglurug sesarengan.
Tentara kula kadadosaken setunggal
kaliyan tentara panjenengan.
4 Nanging prayoginipun kita nyuwun
pirsa dhateng Pangéran."
5 Raja Akhab banjur nglumpukaké nabi
400 sarta didangu mengkéné, "Aku
olèh nyerbu kutha Ramot apa ora?"
Wangsulané para nabi mau, "Angsal!

Allah badhé paring kemenangan dhateng
panjenengan."
6 Nanging Raja Yosafat nyuwun pirsa
menèh, "Menapa ing ngriki wonten nabi
sanèsipun ingkang saged dados lantaran
kita nyuwun pirsa dhateng Pangéran?"
7 Wangsulané Raja Akhab, "Wonten,
Mikha bin Yimla. Nanging kula mboten
remen kaliyan piyambakipun, mergi
mboten naté meca ingkang saé tumrap
kula; selaminipun pamecanipun awon."
Wangsulané Raja Yosafat, "Ah, sampun
ngandika mekaten!"
8 Akhab nuli nimbali sawijining pegawé
kedhaton didhawuhi énggal-énggal
methuk Mikha.
9 Nalika semono Raja Akhab lan Raja
Yosafat padha ngagem ageman resmi
lan pinarak ing kursi dhéwé-dhéwé
ing panggonan penggilingan gandum,
cedhak gapura Samaria. Para nabi
kabèh padha sowan arep ngaturaké bab
pamecané.
10 Ana nabi jenengé Zedekia bin
Kenaanah, gawé rerékan sungu saka
wesi lan matur marang Raja Akhab
mengkéné, "Mekaten dhawuhipun
Pangéran, ‘Srana sungu-sungu kados

mekaten menika Panjenengan badhé
merangi lan numpes Siria.'"
11 Nabi-nabi liyané kabèh padha
setuju lan matur, "Ramot panjenengan
serang kémawon, panjenengan mesthi
badhé unggul. Pangéran badhé paring
kemenangan dhateng panjenengan."
12 Kecrita utusan sing didhawuhi
methuk, matur marang Mikha
mengkéné, "Nabi sanès-sanèsipun
sedaya sampun meca kemenanganipun
Sang Prabu. Pramila prayoginipun
panjenengan inggih meca ingkang saé
kados nabi-nabi wau."
13 Nanging Mikha mangsuli, "Atas
asmané Pangéran kang gesang, kula
namung badhé ngaturaken menapa
ingkang dipun ngandikakaken déning
Allah dhateng kula!"
14 Bareng Mikha wis ngadhep ing
ngarsané Sang Prabu banjur didangu,
"Menapa kula lan Raja Yosafat kepareng
nyerang kitha Ramot menapa mboten?"
Atur wangsulané Mikha, "Mangga kula
aturi nyerang kémawon. Panjenengan
mesthi badhé angsal damel. Pangéran
badhé paring kemenangan dhateng
panjenengan."

15 Pangandikané Raja Akhab, "Menawi panjenengan ngandika atas asmanipun Allah, kula aturi ngandika ing saleresipun. Sampun kaping pinten panjenengan kula émutaken bab prekawis menika?"
16 Atur wangsulané Mikha, "Kula sumerep tentara Israèl pating slebar ing redi-redi, kados ménda tanpa pangèn. Lan Pangéran ngandika mekaten, ‘Wong-wong kuwi padha ora ana sing mimpin. Karebèn padha mulih kanthi slamet.’"
17 Pangandikané Raja Akhab marang Raja Yosafat, "Rak leres ta atur kula? Piyambakipun mboten naté meca ingkang saé kanggé kula! Mesthi awon terus."
18 Aturé Mikha menèh, "Samenika kula aturi midhangetaken pangandikanipun Pangéran! Kula sumerep Pangéran pinarak ing dhamparipun, ing swarga, lan sedaya malaékat sami ngadeg ing sacelakipun.
19 Pangéran ndangu, ‘Sapa sing bisa mbujuk Akhab supaya nglurug perang lan tiwas ing Ramot, tanah

Giléad?’ Wangsulanipun para malaékat
béda-béda.
20 Wusana wonten roh setunggal
ingkang nyelaki Pangéran sarta matur,
‘Kula kémawon ingkang mbujuk
piyambakipun!’ Pendangunipun
Pangéran, ‘Kepriyé caranė?’
21 Atur wangsulanipun roh wau,
‘Kula badhé damel para nabinipun
Akhab sedaya goroh.’ Pangandikanipun
Pangéran, ‘Ya becik, wis lakonana, kowé
bakal olèh gawé.’"
22 Mikha nerusaké aturé, "Lah menika
ingkang sampun kelampahan! Pangéran
sampun damel para nabi panjenengan
sami goroh dhateng panjenengan,
mergi Pangéran sampun netepaken
badhé ndhatengaken paukuman dhateng
panjenengan!"
23 Nabi Zedekia nuli maju nyedhaki Nabi
Mikha, banjur napuk Mikha karo muni,
"Mokal yèn Rohé Pangéran metu saka
aku lan ngandika marang kowé."
24 Wangsulané Mikha, "Kowé bakal
weruh buktiné samasa kowé golèk
panggonan arep kokenggo ndhelik!"

25 Dhawuhé Raja Akhab, "Mikha cekelen
lan gawanen ngadhep walikota lan
marang pangéran Yoas.
26 Konen nglebokaké ing kunjara lan
konen mènèhi mangan sethithik waé
nganti aku bali kanthi slamet."
27 Aturé Mikha, "Menawi Sang Prabu
kondur kanthi wilujeng, ateges Pangéran
mboten ngandika lantaran kula.
Sedaya ingkang wonten ing ngriki sami
neksènana."
28 Akhab, raja Israèl lan Yosafat raja
Yéhuda banjur padha nyerang kutha
Ramot ing tanah Giléad.
29 Raja Akhab ngandika karo Raja
Yosafat mengkéné, "Kula badhé nylamur
lan tumut majeng perang, nanging
panjenengan kula aturi ngagem ageman
keprabon." Dadiné Akhab raja Israèl
nylamur lan mèlu maju perang.
30 Nalika semono panglimané pasukan
kréta perang Siria wis didhawuhi déning
rajané, supaya aja nyerang sapa-sapa,
ngemungna raja Israèl waé.
31 Dadi, nalika weruh Raja Yosafat,
kabèh padha ngira yèn kuwi raja
Israèl. Mulané banjur padha diserbu.
Nanging Raja Yosafat ndedonga marang

Pangéran. Pangéran banjur paring
pitulungan lan ngingeraké peprangan
mau marang arah liyané.
32 Para panglima pasukan kréta perang
Siria padha ngerti yèn kuwi dudu raja
Israèl, mulané banjur minger saka kono.
33 Nanging tanpa dijarag ana prejurit
Siria sing nglepasaké panah. Panah mau
ngenani Raja Akhab ing sela-selané
agemané perang. Raja Akhab mbengoki
kusir sing nglakokaké krétané, "Aku
kena panah. Minggira! Aku gawanen
metu ing sanjabané barisan!"
34 Perangé sangsaya ramé. Raja Akhab
tetep jumeneng ing krétané ngadhepi
wong Siria. Bareng srengéngéné surup
panjenengané séda.
19 1 Kecrita nalika Yosafat, raja
Yéhuda wis rawuh ing dalemé ing
Yérusalèm kanthi slamet,
2 ana nabi aran Yéhu bin Hanani sowan.
Aturé nabi mau marang Yosafat, "Menapa
pantes panjenengan mbiyantu dhateng
tiyang awon sarta mihak dhateng tiyang
ingkang sengit dhateng Pangéran?
Pendamel panjenengan menika njalari
Pangéran duka dhateng panjenengan.

3 Éwasemanten panjenengan inggih
nindakaken prekawis ingkang saé.
Panjenengan sampun nyingkiraken
recanipun Dèwi Asyéra sedaya, ingkang
dipun sembah déning rakyat, lan
panjenengan sampun nglampahi
kersanipun Allah."
4 Raja Yosafat dedalem ing Yérusalèm,
nanging uga asring tindak-tindak ing
antarané wong akèh ndlajahi satanah
Yéhuda kabèh, dhawuh marang rakyat
supaya padha bali nyembah marang
Pangéran, Allahé para leluhuré.
5 Saben kutha sing ana bètèngé didegi
hakim.
6 Hakim-hakim mau padha dingandikani
mengkéné, "Padha tumindaka klawan
wicaksana, merga enggonmu ngadili
kuwi ora atas jenengé manungsa,
nanging atas asmané Pangéran.
Panjenenganė nenggani enggonmu
mutusaké prekara.
7 Kowé kudu padha sumuyud marang
Allah, lan tumindak klawan ngati-ati,
merga Pangéran Allah kita sengit
marang laku nasar. Panjenengané

ora mbédak-mbédakaké wong lan ora
nampèni besel."[h]
8 Raja Yosafat uga ngangkat hakim-
hakim ing Yérusalèm saka ing antarané
wong Lèwi, para imam lan tokoh-
tokoh masarakat. Hakim-hakim mau
kudu mutusi prekara-prekara sing
nglanggar karo prenatané Pangéran lan
prekara-prekara liyané.
9 Raja Yosafat ndhawuhi hakim-hakim
mau mengkéné, "Padha nglakonana
pegawéanmu klawan wedi-asih marang
Allah, dhawuhé lakonana.
10 Yèn ana pepadhamu hakim
saka kutha liya padha takon bab
prekara-prekara raja-pati, paneraking
undhang-undhang utawa paneraking
prenataning Pangéran, padha tuturana.
Srana mengkono wong-wong mau padha
ora kesalahan marang Pangéran, lan
Pangéran iya ora bakal duka marang
kowé lan marang wong-wong mau.
Tembungku iki lakonana, supaya kowé
ora kesalahan.
11 Imam agung Amarya dakwènèhi
pangwasa sing gedhé dhéwé ing ngatasé
sakèhing prekara sing ana gandhèng-

---

[h] besel: suap (bhs. Ind.).

cènèngé karo dhawuhé Allah. Zebaya bin Ismaèl, gubernur Yéhuda, dakwènèhi pangwasa sing gedhé bab sakèhing prekara liyané. Wong Lèwi padha tanggung jawab bab kelakoné sakèhing putusané pengadilan. Pituduh-pituduh iki lakonana lan tumindakna sing tegas. Pangéran mesthi mitulungi wong sing bener lakuné!"

20 [1] Kecrita sawisé mengkono tentara Moab lan Amon padha sekuthon karo tentara Méunim nglurug nyerang Yéhuda.

[2] Nuli ana wong ngaturi pawarta marang Raja Yosafat, aturé, "Wonten tentara kathah sanget dhateng saking Édom, saking sabranging Segara Mati! Sami badhé nyerang mriki, malah sampun ngrebat kitha Hazézon-Tamar inggih menika Èn-Gedi."

[3] Raja Yosafat ajrih, banjur ndedonga nyuwun pitedah marang Pangéran. Sawisé mengkono banjur dhawuh supaya rakyat kabèh padha pasa.

[4] Wong saka saben kutha ing Yéhuda padha teka ing Yérusalèm nyuwun tulung marang Pangéran.

5 Bebarengan karo para penduduk
Yérusalèm wong-wong mau padha
nglumpuk ing plataran anyar ing
Pedalemané Allah. Raja Yosafat
jumeneng ana ing ngarep dhéwé,
6 sarta ndedonga sora, "Dhuh Pangéran,
Allahipun leluhur kawula! Paduka
menika Allah ing swarga ingkang
ngerèh sedaya bangsa ing bumi. Paduka
menika mahakwasa lan kagungan
kasektèn; mboten wonten tiyang
ingkang keconggah nglawan dhateng
Paduka.
7 Paduka menika Allah kawula. Nalika
umat Paduka, bangsa Israèl dumugi
ing negari menika, Paduka nundhungi
tiyang-tiyang ingkang nalika semanten
manggèn ing ngriki. Paduka lajeng
maringaken tanah menika dhateng anak-
turunipun Abraham, mitra Paduka, dados
tanah pusaka ing selami-laminipun.
8 Lajeng sami manggèn ing ngriki sarta
ngedegaken Dalem Pamujan menika
kagem Paduka. Umat Paduka mangertos,
9 bilih sami ketaman paukuman mergi
saking dosa-dosanipun, lan malih
kedhatengan mengsah, pageblug, utawi
paceklik. Umat wau sami kepareng

dhateng mriki, séba ing Pedaleman
Paduka menika. Ing mangsa kasisahan
sami kepareng ndedonga dhateng
Paduka, lan Paduka badhé miyarsakaken
sarta paring pitulungan.
10 Samangké bangsa Amon, Moab sarta
Édom nyerang kawula. Nalika para
leluhur kawula sami dhateng saking
tanah Mesir, Paduka mboten marengaken
para leluhur mlebet ing negarinipun
bangsa-bangsa menika, ngantos
kepeksa sami mlampah ngalang, lan
mboten sami nggecak bangsa-bangsa
Amon, Moab lan Édom menika.
11 Samenika, kados mekaten tindakipun
bangsa-bangsa menika dhateng kawula.
Sami badhé nundhung kawula saking
negari peparing Paduka menika.
12 Paduka menika Allah kawula!
Bangsa-bangsa menika mugi Paduka
dhawahi paukuman, mergi kawula
mboten kiyat nglawan tentara ingkang
semanten kathahipun; pramila kawula
sami sowan nyuwun pitulungan dhateng
Paduka."
13 Nalika semono wong Yéhuda kabèh
lanang-wadon saanak-anaké padha
nglumpuk ana ing Pedalemané Allah.

14 Ing satengahé wong akèh mau ana
wong Lèwi, jenengé Yahazièl. Kuwi
anaké Zakharia saka kaum Asaf, turuné
Benaya, Yeièl, Matania. Yahazièl mau
katedhakan Rohé Pangéran
15 banjur ngucap mengkéné, "Sang
Prabu ingkang minulya saha para
sedhèrèk sedaya. Pangéran dhawuh bilih
panjenengan sedaya mboten kénging
semplah utawi ajrih ngadhepi tentara
kathah menika. Ingkang badhé perang
menika sanès panjenengan, nanging
Allah piyambak.
16 Mbénjing-énjing menawi mengsah
menika majeng, medal mergi minggah
ing Zis, menika panjenengan serang.
Panjenengan badhé aben-ajeng kaliyan
mengsah wau wonten ing pungkasaning
lebak, sangajenging ara-ara samun celak
Yeruèl.
17 Panjenengan mboten prelu tumut
perang. Sami kèndela kémawon ing
papan tugas ngriku. Panjenengan sami
badhé pirsa kadospundi Pangéran
enggènipun maringi kemenangan
dhateng panjenengan. Para sedhèrèk,
rakyat ing Yéhuda lan Yérusalèm,
sampun ngantos sami semplah utawi

ajrih. Sami methukna mengsah.
Pangéran badhé mitulungi panjenengan
sedaya."
18 Raja Yosafat nuli sujud. Rakyat kabèh
iya mèlu sujud marang Pangéran.
19 Wong-wong Lèwi saka gotrah Kéhat
lan Korah banjur padha ngadeg lan
surak-surak memuji marang Pangéran,
Allahé Israèl.
20 Ésuké umun-umun, rakyat budhal
menyang ara-ara samun sacedhaké
Tekoa. Sadurungé mangkat Yosafat
ngandika mengkéné marang rakyat,
"Wong Yéhuda lan Yérusalèm! Padha
precayaa marang Pangéran Allahmu,
kowé mesthi bakal olèh gawé!"
21 Sawisé rembugan karo rakyat, Sang
Prabu banjur dhawuh supaya para
penyanyi padha nganggo sandhangan
seragam kaya sing lumrahé dienggo ing
upacara. Para penyanyi mau padha baris
ing ngarep dhéwé diiringaké tentara.
Enggoné baris rampak karo padha
menyanyi, "Pinujia Pangéran! Sihé
langgeng ing selawasé!"
22 Bareng para penyanyi padha wiwit
menyanyi, Pangéran damel kisruh
tentarané mungsuh sing lagi nyerbu.

23 Tentara Amon lan Moab padha
nyerang tentara Édom nganti tiwas
kabèh. Sawisé mengkono tentara Amon
lan Moab padha serang-serangan dhéwé
nganti padha tumpes kabèh.
24 Bareng tentara Yéhuda tekan menara
penjagan ing ara-ara samun lan ndeleng
panggonané mungsuh, padha weruh
mayité mungsuh padha pating glimpang
ing lemah. Prejurité siji waé ora ana sing
urip.
25 Raja Yosafat lan balané banjur
padha ngrampas barang-barangé
mungsuh. Sing ketemu ing kono yakuwi
raja-kaya, bekakas, sandhangan lan
barang-barang liyané sing akèh ajiné.
Enggoné nglumpukaké barang-barang
mau lawasé telung dina, éwasemono isih
akèh barang liyané sing durung kopèn,
nganti barang-barang mau kepeksa
ditinggal.
26 Ing dina kapaté wong kabèh
padha nglumpuk ing Lebak Beraka lan
memuji asmané Pangéran ing ngatasé
samubarang sing ditindakaké déning
astané. Mulané Lebak mau karan
Beraka.[i]

---

[i]Beraka: (bhs. Ibrani), tegesipun: kekidungan.

27 Raja Yosafat banjur ngirid balané
kabèh bali menyang Yérusalèm klawan
bungah, merga Pangéran wis nelukaké
mungsuhé kabèh.
28 Satekané ing Yérusalèm banjur
padha baris menyang Pedalemané Allah
diiring swarané clempung lan slomprèt.
29 Negara-negara liyané bareng krungu
caranė Pangéran enggoné nelukaké
mungsuh-mungsuhé Israèl, padha geter.
30 Mulané Raja Yosafat bisa nindakaké
pepréntahan klawan tentrem, lan
Pangéran paring katentreman marang
setanah kono kabèh.
31 Nalika Yosafat dadi raja Yéhuda
yuswané telung puluh lima taun. Lawasé
dadi raja ing Yérusalèm selawé taun.
Asmané ibuné Azuba binti Silhi.
32 Ora béda karo Asa, ramané, Raja
Yosafat nindakaké kabecikan ing
ngarsané Allah.
33 Nanging papan-papan panyembahan
brahala ora digempur. Rakyat enggoné
ngabekti marang Allahé para leluhuré
ora klawan éklasing ati.
34 Riwayaté Raja Yosafat liyané
saka wiwitan tekan pungkasaning
pepréntahané ditulis kabèh déning

Yéhu bin Hanani ana ing Kitab Babadé
Raja-raja Israèl.
35 Yosafat, raja Yéhuda, tau memitran
karo Ahazia, raja Israèl sing kalakuané
ala.
36 Raja-raja mau padha gawé prau ing
pelabuhan Ézion-Gèbèr. Prau-prauné
lelayaran menyang Tarsis.
37 Nanging Nabi Élièzer bin Dodawa saka
kutha Marésya ngélikaké marang Raja
Yosafat, aturé, "Sarèhné panjenengan
memitran kaliyan Ahazia, Pangéran
badhé ngremuk baita-baita ingkang
panjenengan yasa." Prauné banjur
padha kèrem remuk, nganti ora kena
dienggo lelayaran menyang Tarsis.

21 1 Raja Yosafat séda lan disarèkaké
ing pesaréané raja-raja ing
kuthané Dawud. Yoram, putrané,
nggentèni dadi raja.
2 Yoram, putrané Yosafat, raja Yéhuda,
kagungan sedhèrèk kakung nem,
yakuwi: Azaria, Yehièl, Zakharia,
Azariahu, Mikhaèl lan Séfaca.
3 Saka Raja Yosafat, keng ramané,
putra-putra mau padha nampi emas,
slaka lan barang-barang sing akèh
pengajiné, lan saben putra kaparingan

kutha siji sing ana bètèngé, ing Yéhuda.
Nanging sarèhné Yoram kuwi putra
mbarep, mulané Raja Yosafat ngangkat
Yoram dadi gantiné.
4 Bareng Yoram wis rumangsa kuwat
enggoné dadi raja, banjur dhawuh
matèni sedulur-seduluré kabèh,
mengkono uga penggedhéné sawetara.
5 Yoram enggoné dadi raja nalika yuswa
telung puluh loro taun. Lawasé dadi raja
wolung taun.
6 Sugengé ora béda karo Raja Akhab lan
raja-raja Israèl liyané, merga kawin karo
putra-putriné Raja Akhab. Raja Yoram
gawé dosa ing ngarsané Pangéran,
7 éwasemono Pangéran ora kersa
numpes raja tedhaké Dawud, merga
Panjenengané wis janji, yèn anak-turuné
Raja Dawud bakal tetep ana sing dadi
raja.
8 Ing jamané Raja Yoram mau, Édom
mbrontak nglawan marang Yéhuda,
sarta madeg negara dhéwé.
9 Mulané Raja Yoram lan para
panglimané nglurug nyerang Édom,
nganggo kréta-kréta perang. Yoram
dikepung déning pasukan Édom, nanging
benginé bisa lolos.

10 Wiwit nalika semono Édom ora
teluk karo Yéhuda menèh. Semono
uga kutha Libna iya mèlu mbrontak.
Kuwi mau kabèh sebabé ora liya merga
Yoram nyingkur marang Pangéran, Allah
sesembahané leluhuré.
11 Malah Raja Yoram ngedegaké
papan-papan panyembahané brahala
ing daérah pegunungan Yéhuda, njalari
rakyat Yéhuda lan rakyat Yérusalèm
padha nglakoni dosa ing ngarsané Allah.
12 Nabi Élia banjur kirim layang
marang Raja Yoram, sing surasané
mengkéné: "Pangéran, sesembahanipun
Raja Dawud, sampun ndhawahaken
paukuman dhateng panjenengan, mergi
panjenengan mboten niru tumindakipun
keng rama lan keng éyang Dawud.
13 Malah panjenengan tumindak
kados caranipun raja-raja ing Israèl.
Srana mekaten njalari rakyat Yéhuda
lan rakyat Yérusalèm nilar dhateng
Allah. Panjenengan tumindak kados
Raja Akhab lan para raja ingkang
nggentosi raja wau. Malah panjenengan
sampun nyédani sedhèrèk-sedhèrèk
panjenengan, mangka tiyang-tiyang wau

langkung saé tinimbang panjenengan
piyambak.
14 Pramila panjenengan badhé
kadhawahan paukuman ingkang awrat
déning Pangéran, ingkang inggih badhé
ndhawahi dhateng rakyat, putra-putra
lan para garwa panjenengan; Pangéran
badhé nyirnakaken sedaya barang-darbé
panjenengan.
15 Panjenengan piyambak badhé
ketaman gerah usus ingkang mindhak
dinten mindhak sanget!"
16 Nalika semono ana wong Filistin
lan wong Arab manggon cedhak karo
panggonané wong Sudan ing daérah
pesisir. Pangéran ngosikaké atiné wong-
wong mau nglurugi perang marang
Yoram.
17 Banjur padha nyerang Yéhuda lan
njarah-rayah kedhatoné Sang Prabu.
Garwa lan putrané Raja Yoram kabèh
ditawan, kejaba Ahazia putrané sing
ragil.
18 Sawisé mengkono Pangéran nuli
ndhawahaké paukuman marang Raja
Yoram rupa lelara usus sing ora bisa
mari.

[19] Lelara mau sajroné rong taun saya
banget nganti wekasané Raja Yoram
séda kanthi ngraosaké lara sing banget.
Rakyat ora gawé api unggun kanggo
nélakaké béla sungkawané, kaya
sing lumrahé dianakaké kanggo para
leluhuré.
[20] Ora ana wong siji waé sing nggetuni
sédané Raja Yoram. Layoné disarèkaké
ing Kuthané Dawud, nanging ora ana
ing pesaréané para raja. Nalika dadi
raja, Yoram yuswa 32 taun, dalemé ing
Yérusalèm, lawasé dadi raja 8 taun.

22 [1] Nalika ana grombolan wong
Arab nyerbu, putrané Raja Yoram
kabèh dipatèni, kejaba Ahazia, putrané
sing ragil. Mulané penduduk Yérusalèm
banjur ngangkat Ahazia mau dadi raja,
nggentèni ramané.
[2] Nalika semono yuswané rolikur taun,
lawasé dadi raja setaun. Raja Ahazia
lakuné ora béda karo kulawargané
Raja Akhab, merga Atalia, ibuné, sing
ngojok-ojoki Raja Ahazia nindakaké
prekara-prekara sing ora becik. Atalia
kuwi garwané Raja Akhab, putrané Omri,
raja ing Israèl.
[3] (22:2)

4 Raja Ahazia nglakoni dosa marang
Pangéran kaya kulawargané Raja
Akhab, sebab kulawarga kuwi sing dadi
penaséhaté raja Ahazia sawisé ditinggal
séda déning ramané. Para penaséhat
mau sing gawé cilakané Raja Ahazia.
5 Merga saka naséhaté wong-wong
mau Raja Ahazia rukunan karo Yoram,
raja Israèl, nglurug perang nglawan
Hazaèl, raja Siria. Banjur padha nempuh
perang ing Ramot, tanah Giléad. Ana ing
peprangan mau Raja Yoram ketaton.
6 Banjur digawa menyang Yésreèl
kanggo nambani tatuné. Raja Ahazia uga
banjur tilik mrana.
7 Nanging Raja Ahazia enggoné tilik
Raja Yoram mau saka kersané Allah
murih tiwasé. Nalika semono Raja Yoram
lagi padu karo wong lanang, jenengé
Yéhu bin Nimsi. Yéhu kuwi wis dipilih
déning Pangéran kakersakaké numpes
anak-turuné Raja Akhab. Raja Ahazia
sing lagi tilik Yoram mèlu-mèlu padu.
8 Yéhu uga matèni para pemimpiné
Yéhuda lan keponakan-keponakané Raja
Ahazia sing mèlu tilik mrono.
9 Raja Ahazia dhéwé bisa lolos menyang
Samaria. Nanging banjur digolèki lan

ketemu ing panggonané ndhelik. Raja Ahazia nuli digawa ngadhep marang Yéhu sarta dipatèni ana ing kono. Layoné dikubur déning Yéhu lan balané, merga Yéhu ngurmati marang Raja Yosafat, éyangé Ahazia, raja sing sumuyud marang Pangéran klawan terusing ati. Kulawargané Raja Ahazia ora ana sing kuwat nggentèni dadi raja.
10 Bareng Atalia weruh yèn Ahazia, putrané, séda banjur dhawuh supaya anak-turuné raja Yéhuda kabèh dipatèni.
11 Ahazia duwé sedulur wadon, jenengé Yoséba, kawin karo imam, jenengé Yoyada. Yoséba mau klawan sesidheman njupuk anaké Ahazia sing jeneng Yoas saka antarané anak-anaké Ahazia sing arep dipatèni Atalia. Bocah mau karo embané didhelikaké ana ing salah sijiné kamar ing Pedalemané Allah. Mengkono carané Yoséba nylametaké bocah mau nganti ora katut dipatèni déning Atalia.
12 Lawasé ana ing pandhelikan mau nganti nem taun. Sajroné nem taun mau Atalia dadi ratu ing Yéhuda.

23 1 Kecrita bareng nyandhak taun kapitu Imam Yoyada nindakaké putusan. Ana perwira lima sing diajak

sekuthon, yakuwi: Azaria bin Yéroham,
Ismaèl bin Yohanan, Azaria bin Obèd,
Maaséya bin Adaya lan Élisafat bin Zikri.
2 Wong-wong mau padha disebar
menyang kutha-kutha ing Yéhuda
kabèh, nglumpukaké para wong Lèwi lan
para lajeré gotrah-gotrah, sarta padha
digawa menyang Yérusalèm.
3 Wong-wong mau kabèh padha
nglumpuk ana ing Pedalemané Allah
lan padha gawé prejanjian karo Yoas,
putra raja mau. Pangandikané Yoyada
marang wong-wong mau, "Iki putrané
swargi Raja Ahazia! Saiki kudu diangkat,
merga Gusti Allah wis prejanji yèn
putra-wayahé Raja Dawud selawasé
bakal dadi raja.
4 Carané mengkéné: Yèn para imam lan
wong Lèwi rampung enggoné nglakoni
tugas ing dina Sabbat, ora kena padha
mulih. Sapratelon kudu mèlu jaga ing
gapura-gapurané Pedalemané Allah,
5 sapratelon menèh kudu jaga ing
kedhatoné Sang Prabu, liyané kudu
nglumpuk ana ing Gapura Yésod. Rakyat
kabèh kudu nglumpuk ana ing plataranè
Pedalemané Allah.

6 Kejaba para imam lan wong Lèwi sing
padha tugas, ora ana wong siji waé sing
kena mlebu ing Pedalemané Allah, merga
para imam kuwi pancèn disucèkaké
kagem Gusti Allah. Wong-wong liyané
kudu manut karo prenatané Allah lan
kudu ana ing njaba.
7 Wong-wong Lèwi kudu padha ngadeg
ngubengi raja karo nggawa pedhang
ligan, sarta ndhèrèkaké tindaké Sang
Raja menyang ngendi waé. Sing sapa
meksa arep mlebu Pedalemané Allah
kudu dipatèni."
8 Dhawuhé Yoyada mau ditindakaké
déning wong-wong Lèwi lan rakyat
Yéhuda. Wong Lèwi sing wis rampung
nyambut-gawé ing dina Sabbat ora
olèh mulih. Dadiné para perwira bisa
migunakaké tenagané wong sing wis
bubar nyambut-gawé mau lan wong sing
padha mlebu arep nyambut-gawé.
9 Saben perwira diparingi tumbak lan
tamèng, tilas kagunganė Raja Dawud,
sing disimpen ana ing Pedalemané Allah.
10 Yoyada uga masang wong jaga
nggawa pedhang ligan ana sakiwa-
tengené platarané Pedalemané Allah,
kanggo njaga keslametané Sang Prabu.

11 Yoas banjur diirid metu déning
Yoyada, sirahé diagemi makutha, lan
dicaosi Kitab Torèt. Mengkono carané
Yoas enggoné kajumenengaké raja.
Imam Yoyada lan para putrané nuli
ngesokaké lenga jebad ing sirahé Yoas,
lan wong kabèh banjur padha surak,
"Sugenga Sang Prabu!"
12 Kecrita Atalia mireng suraké
rakyat kemrubut mangayubagya Sang
Prabu, énggal-énggal tindak menyang
Pedalemané Allah, marani wong akèh
sing padha nglumpuk ing kono.
13 Ana ing kono pirsa Sang Prabu
jumeneng ing lawangé Pedalemané
Allah, panggonané diwisudha. Sang
Prabu dikubengi déning para perwira lan
para wong sing ngunèkaké slomprèt.
Rakyat kabèh padha surak giyak-giyak
kabarengan uniné slomprèt. Wong
sing kapatah ngunèkaké tetabuhan
ing Pedalemané Allah padha nabuh
bebarengan. Atalia banjur nyuwèk
pengagemané nélakaké enggoné nepsu
banget, karo nguwuh, "Kianat! Kianat!"
14 Yoyada ora marengaké Atalia dipatèni
ing sacedhaké Pedalemané Allah,
mulané ngandika marang para perwira,

"Gawanen metu karo dikawal, lan sapa
waé sing arep ngluwari patènana."
15 Atalia banjur dicekel, digawa
menyang kedhaton, sarta dipatèni ing
gapura Jaran.
16 Yoyada ngaturi Sang Prabu lan rakyat
gawé prejanjian yèn padha dadi umaté
Allah.
17 Wong kabèh banjur padha nyerbu
papan-papan panyembahané Baal.
Mesbèh lan reca-recané nuli padha
digempur. Matan, Imamé Baal, dipatèni
ing ngarepé mesbèh-mesbèh mau.
18 Yoyada banjur ndhawuhi para imam
lan wong Lèwi mrenata pegawéan ing
Pedalemané Allah, miturut prenatané
Raja Dawud. Wong-wong mau kudu
padha nyaosaké kurban obongan konjuk
marang Allah miturut prenatané Musa,
semono uga kudu padha nglagokaké
kekidungan samangsa ana riaya.
19 Yoyada mapanaké wong-wong
jaga ana lawang-lawangé gapuraning
Pedalemané Allah, supaya wong sing ora
resik aja nganti mlebu.
20 Para perwira, para pengarepé
masarakat, para penggedhéné
pepréntahan lan rakyat kabèh nuli

ndhèrèkaké Yoyada ngiring Raja Yoas saka Pedalemané Allah menyang kedhaton. Mlebuné kedhaton metu gapura gedhé. Sang Prabu lenggah ing dhamparing keprabon.
21 Rakyat kabèh padha bungah-bungah. Bareng Atalia wis dipatèni, kutha kono banjur dadi tentrem.

24 1 Nalika Yoas dadi raja Yéhuda, yuswané pitung taun. Lawasé dadi raja ing Yérusalèm 40 taun. Asmané ibuné Zibya saka Bèrsyéba.
2 Selawasé Imam Yoyada isih sugeng, Raja Yoas nindakaké apa kang dadi renaning penggalihé Pangéran.
3 Yoyada milih wong wadon loro kanggo garwané Yoas, lan saka garwa loro mau Yoas kaparingan putra-putra kakung lan putri.
4 Sawisé dadi raja sawetara lawasé Yoas nuli kagungan kersa ndandani Pedalemané Allah.
5 Para imam lan wong Lèwi padha didhawuhi mider marani para penduduk ing kutha-kutha satanah Yéhuda kabèh lan nglumpukaké dhuwit saka rakyat kanggo ndandani Pedalemané Allah saben taun. Senajan padha didhawuhi

supaya cékat-cèket, nanging para wong
Lèwi nyambut-gawéné nguler kambang.
6 Mulané Raja Yoas banjur nimbali
Yoyada, penggedhéné para imam lan
wong Lèwi, lan dingandikani mengkéné,
"Menapa sanès Musa, abdinipun Allah,
ingkang dhawuh supados rakyat mbayar
pajeg kanggé ngragadi Kémah Suci?
Kénging menapa tiyang Lèwi mboten
panjenengan dhawuhi nglempakaken
arta saking rakyat ing Yéhuda lan
Yérusalèm?"
7 (Para penganuté Atalia, wong ala
mau, wis ngrusak Pedalemané Allah,
lan akèh barang sing kagem Gusti Allah
piyambak, dienggo nyembah Baal.)
8 Sang Prabu banjur dhawuh supaya
wong Lèwi gawé pethi wadhah dhuwit lan
ndokokaké pethi mau ana ing lawanging
gapuranė Pedalemané Allah.
9 Banjur diumumaké marang wong
Yérusalèm lan Yéhuda kabèh, yèn saben
wong kudu mbayar pajeg kagem Gusti
Allah, kaya sing didhawuhaké déning
Musa.
10 Pengumuman mau gawé bungahé
rakyat lan para pemimpiné. Wong-wong

padha mbayar pajeg, dilebokaké
bebarengan ana ing pethi mau.
11 Samasa pethi mau digawa déning
wong Lèwi, dipasrahaké marang
punggawané Sang Prabu sing ditugasaké
ngurusi, pethi mau kebak dhuwit.
Pethiné nuli disuntak lan diseksèni
déning Sèkretaris negara lan wakilé
Imam Agung. Sawisé kothong, pethi
mau dibalèkaké menèh ing panggonané.
Mengkono tumindak saben dina, mula
dhuwit sing nglumpuk dadi akèh banget.
12 Sang Prabu lan Imam Yoyada
masrahaké dhuwit mau marang para
mandhor, sing ndhawuhi tukang batu,
tukang kayu lan para sayang, yakuwi
para tukang sing gawé barang-barang
saka logam.
13 Wong-wong mau padha sengkud
enggoné nyambut-gawé ndandani
Pedalemané Allah, mula dadi kuwat lan
éndah kaya sing ndhisik.
14 Sawisé rampung, turahané emas
lan slaka dipasrahaké marang Sang
Prabu lan Yoyada. Emas lan slaka mau
banjur dilebur, didadèkaké mangkok lan
prabot liya-liyané ing Pedalemané Allah.
Sajroné Imam Yoyada isih sugeng, ing

Pedalemané Allah ora kendhat dianakaké kurban.

15 Yoyada kaparingan panjang yuswa. Nalika séda yuswané 130 taun.

16 Panjenengané disarèkaké ana ing pesaréané raja-raja ing Kuthané Dawud, minangka pakurmatan tumraping labeté marang Allah, Pedalemané Allah lan umat Israèl.

17 Sapungkuré Yoyada, Raja Yoas kena pengaruhé para pemimpiné Yéhuda, nganti ora maèlu menèh marang piwulangé Yoyada.

18 Rakyat ora nindakaké pangibadah menèh ana ing Pedalemané Pangéran, Allah sesembahané para leluhuré, nanging padha nyembah brahala lan reca-recané Dèwi Asyéra. Dosa sing mengkono mau gawé dukané Pangéran marang Yéhuda lan Yérusalèm.

19 Gusti Allah banjur ngutus para nabiné, ngélingaké wong-wong mau, supaya padha ngabekti marang Pangéran, nanging rakyat padha ora nggugu.

20 Rohé Pangéran banjur ngwaosi Zakharia, putrané Imam Yoyada. Zakharia maju ing ngarepé rakyat

lan nywara sora, "Pangéran dhawuh mengkéné, ‘Yagéné kowé padha ora nglakoni dhawuh-Ku lan gawé cilakané awakmu dhéwé. Sarèhné kowé wis padha nyingkur marang Aku, mulané Aku iya nyingkur marang kowé!’"
21 Nanging rakyat padha sekuthon nglawan marang Zakharia, lan Raja Yoas iya mèlu ing sekuthon mau. Raja Yoas ora ngélingi marang labeté lan kasetyané Yoyada, bapakné Zakharia. Atas dhawuhé Sang Prabu Zakharia dibenturi watu nganti mati ana ing plataranė Pedalemanė Allah. Nalika arep tilar Zakharia kandha, "Pangéran mirsani tumindakmu iki lan malesaké."
22 (24:21)
23 Ing taun kuwi uga, nalika ganti mangsa, tentara Siria nglurug perang nyerang Yéhuda lan Yérusalèm, para pemimpin kabèh dipatèni lan barang-barang sing dirampas digawa menyang Damsyik.
24 Cacahé tentara Siria kuwi mung sethithik, nanging Pangéran marengaké tentara mau nelukaké tentara Yéhuda, sing cacahé luwih akèh, merga wong Yéhuda padha nyingkur marang

Pangéran, Allahé leluhuré. Srana patrap
mengkono Gusti Allah maringi paukuman
marang Raja Yoas.
25 Raja Yoas ketaton, mangka tatuné
gawat banget. Sawisé tentarané
mungsuh teka, ana punggawané Yoas
loro padha sekuthon. Raja Yoas disédani
ing pesaréan, minangka malesaké patiné
Zakharia, putrané Imam Yoyada. Raja
Yoas disarèkaké ana ing Kuthané Dawud,
nanging ora ana ing pesaréané para raja.
26 (Wong-wong sing padha sekuthon
nglawan Raja Yoas yakuwi Zabad anaké
Simeat, wong wadon saka Amon, lan
Yozabad anaké Simrit, wong wadon saka
Moab.)
27 Ing Kitab Tafsir lan Para Raja isi
crita-crita bab para putrané Yoas,
pameca-pameca bab panjenengané,
lan bab enggoné ndandani Pedalemané
Allah. Raja Yoas digentèni déning
Amazia, putrané.

25 1 Amazia dadi raja nalika yuswané
selawé taun. Lawasé dadi raja
ing Yérusalèm sangalikur taun. Asmané
ibuné Yoadan saka Yérusalèm.

2 Raja Amazia tumindaké gawé renaning penggalihé Allah, nanging ora klawan éklasing ati.

3 Sawisé rumangsa kuwat enggoné dadi raja banjur ndhawahaké paukuman pati marang para pegawé sing matèni ramané.

4 Nanging para anaké pegawé mau ora dipatèni, merga éling marang dhawuhé Pangéran ing Kitabé Musa, sing surasané, "Aja ngukum wong tuwa merga piala sing dilakoni déning anak-anaké, lan aja ngukum pati anak merga piala sing dilakoni déning wong tuwané. Saben wong mung kena diukum merga piala sing dilakoni dhéwé."

5 Raja Amazia nglumpukaké wong-wong saka taler Yéhuda lan taler Bènyamin kabèh, didhawuhi nglumpuk manut gotrahé dhéwé-dhéwé, dipimpin déning komandhan pasukan éwon lan komandhan pasukan atusan. Sang Prabu banjur milih wong-wong sing umuré rong puluh taun munggah, sing pinter perang lan trampil migunakaké tumbak lan tamèng. Cacahé ana 300.000.

6 Kejaba kuwi Sang Prabu nyéwa
prejurit Israèl 100.000 sing dibayar
nganggo slaka kira-kira 3.400 kilogram.
7 Nanging ana nabi sowan marang Sang
Prabu karo matur, "Panjenengan sampun
ngantos migunakaken prejurit-prejurit
Israèl menika, sebab Pangéran mboten
badhé ngayomi tiyang-tiyang menika.
8 Panjenengan mesthi badhé dipun
ulungaken déning Pangéran dhateng
tanganipun mengsah, senajan ta tentara
panjenengan kiyat lan kendel. Mergi
namung Allah piyambak ingkang kwaos
maringi menang utawi kawon."
9 Pangandikané Raja Amazia, "Lajeng
kadospundi menggah arta slaka ingkang
sampun kula sukakaken dhateng
tiyang-tiyang menika?" Aturé nabi,
"Pangéran kwaos mangsulaken dhateng
panjenengan langkung saking menika!"
10 Prejurit-prejurit mau banjur
dibubaraké déning Raja Amazia,
didhawuhi mulih. Wong-wong mau iya
banjur padha mulih, nanging karo nepsu
banget.
11 Raja Amazia penggalihé dikendel-
kendelaké, banjur ngirid tentarané
menyang Lembah Asin. Ana ing

peprangan kono balané Raja Amazia
matèni prejurit Édom cacahé 10.000.
12 Sing 10.000 liyané ditawan. Tawanan
mau padha digawa menyang pucaké
gunung watu ing kutha Séla lan
dijorogaké saka pucak mau mengisor,
mula padha mati.
13 Nanging kecrita prejurit-prejurit
Israèl sing dikon mulih déning Raja
Amazia padha nyerang kutha-kutha
Yéhuda sing ana ing antarané Samaria
lan Bèt-Horon. Prejurit-prejurit mau
padha matèni wong cacahé 3.000 lan
njarah-rayah barang akèh banget.
14 Sawisé nelukaké tentara Édom,
Raja Amazia kondur ngasta reca-reca
brahalané bangsa Édom, didokokaké ing
Yéhuda. Raja Amazia ngobong menyan
ing ngarepé reca-reca mau; lan reca
mau padha disembah.
15 Tumindaké sing mengkono mau
gawé dukané Gusti Allah, mula
banjur ngutus nabi nemoni Raja
Amazia. Aturé nabi mau, "Kénging
menapa panjenengan nyembah
dhateng déwanipun bangsa sanès
ingkang mboten saged milujengaken

bangsanipun piyambak saking asta panjenengan?"
16 Pangandikané Raja Amazia, "Hus, meneng. Aku ora tau ngangkat kowé dadi penaséhatku." Nabi mau banjur meneng, nanging isih bisa matur, "Samenika kula mangertos, bilih Gusti Allah badhé numpes panjenengan, mergi saking tindak panjenengan menika, lan mergi panjenengan mboten maèlu dhateng atur kula."
17 Amazia, raja Yéhuda rembugan karo para penaséhaté arep nglawan Israèl. Banjur ngutus utusan marang Yoas, raja Israèl, putrané Yoahas, putuné Yéhu, ditantang.
18 Nanging Raja Yoas mangsuli mengkéné, "Wit eri ingkang wonten ing paredèn Libanon menika kèngkènan manggihi wit cemara, ‘Hèh wit cemara, anakmu prawan kuwi wènèhna anakku, karebèn dipèk bojo.’ Nanging sesampunipun menika wonten kéwan wana langkung lan ngidak-idak wit eri wau.
19 Amazia, panjenengan sampun nelukaken tiyang Édom, pramila samenika gumunggung. Langkung

prayogi panjenengan wonten ing dalem
kémawon. Kénging menapa kokpados
dhadhakan, ingkang namung badhé
damel sisah dhateng panjenengan
piyambak saha rakyat panjenengan?"
20 Nanging Raja Amazia ora ngrèwès
marang pangandikané Raja Yoas.
Lan pancèn wis dadi kersané Pangéran
ngulungaké Raja Amazia marang tangané
mungsuhé, merga panjenengané
nyembah brahalané wong Édom.
21 Mulané Yoas raja Israèl iya banjur
budhal perang nglawan Amazia raja
Yéhuda. Loro-loroné padha adhep-
adhepan ana ing Bèt-Sèmès, ing
Yéhuda.
22 Tentarané Yéhuda kalah perangé lan
prejuritté padha keplayu, mulih menyang
omahé dhéwé-dhéwé.
23 Raja Amazia banjur dicekel déning
Raja Yoas lan digawa menyang
Yérusalèm. Témboké kutha Yérusalèm
dijugrugaké déning Raja Yoas, dawané
kira-kira 200 mèter, saka Gapura Éfraim
tekan Gapura Pojok.
24 Sakèhé emas, slaka lan bekakas
liya-liyané ing Pedalemané Allah
lan praboté Pedaleman sing dijaga

déning anak-turuné Obèd-Édom, sarta
raja-brananė kedhaton, kabèh digawa
déning Raja Yoas menyang Samaria.
Kejaba kuwi iya nggawa wong sawetara
didadèkaké tanggungan.
25 Sawisé Yoas raja Israèl séda, Raja
Amazia isih sugeng limalas taun.
26 Wiwit nalika Raja Amazia nyingkur
marang Pangéran wong ing Yérusalèm
padha sekuthon nglawan marang
panjenenganė. Mulané Sang Prabu
ngungsi menyang kutha Lakhis, nanging
dioyak déning mungsuh-mungsuhé sarta
disédani ana ing kana. Layoné digawa
nganggo kréta menyang Yérusalèm lan
disarèkaké ing pesaréané para raja ing
kuthané Dawud. Riwayaté Raja Amazia
liyané, wiwit-wiwitan tekan wekasané
pepréntahané, katulis kabèh ana ing
Kitab Sejarahé Raja-raja ing Yéhuda lan
Israèl.
27 (25:26)
28 (25:26)

26 1 Sawisé Raja Amazia séda, rakyat
Yéhuda kabèh milih Uzia, putrané,
nggentosi ramané dadi raja. Nalika
semono yuswané Uzia nembelas taun.
Asmané ibuné Yékolya, saka Yérusalèm.

Uzia enggoné dadi raja ing Yérusalèm
lawasé 52 taun. Kutha Éliot direbut
menèh lan dibangun.
2 (26:1)
3 (26:1)
4 Uzia ora béda karo ramané, lelakoné
gawé renaning penggalihé Allah.
5 Penaséhaté bab karohanèn, Zakharia.
Selawasé Zakharia isih urip, Uzia
ngabekti marang Pangéran klawan setya,
temah diberkahi déning Allah.
6 Raja Uzia perang karo wong Filistin.
Témbok-témboké kutha Gad, Yabné
lan Asdod digempur, banjur mbangun
kutha-kutha nganggo bètèng sacedhaké
Asdod lan ing daérah-daérah Filistia.
7 Pangéran mitulungi marang Raja
Uzia nelukaké wong Filistin, wong Arab
sing manggon ing Gurbaal lan wong
Menumim.
8 Wong Amon padha mbayar pajeg
marang Raja Uzia. Pangwasané saya
gedhé lan misuwur tekan tanah Mesir.
9 Kanggo nguwati kutha Yérusalèm Raja
Uzia ngedegaké menara ing Gapura
Pojok, semono uga ing Gapura Lebak lan
ing témbok sing moncol.

10 Panjenenganè iya ngedegaké
menara-menara ing tanah pangonan
lan ndhudhuk sumur akèh, merga
raja-kayané akèh banget, iya sing ana
ing pegunungan, iya sing ana ing tanah
ngaré sisih Kulon. Sarèhné seneng
tetanèn, Sang Prabu nganjuraké supaya
rakyat padha gawé kebon anggur ing
tanah pegunungan, lan supaya padha
nggarap lemah sing subur.
11 Tentarané Raja Uzia akèh banget,
lan tentara mau selawasé siaga nglurug
perang. Pasukan-pasukan sing maju
perang cacahé dicathet déning Yeièl
lan Maaséya, para sèkretarisé Sang
Prabu, sing dipimpin déning Hananya,
pembantuné Sang Prabu.
12 Jajaran angkatan perang kabèh
cacahé 307.500. Kabèh padha ahli
perang kanggo Sang Prabu. Cacahé
komandhané 2.600.
13 (26:12)
14 Tentarané Raja Uzia mau gamané
tamèng, tumbak, topi waja, klambi keré
saka wesi, gendhéwa lan panah sarta
watu bandhil.
15 Para ahli gegaman ing Yérusalèm
padha gawé gegaman sing bisa nglepas

panah lan watu gedhé-gedhé saka menara lan saka pojok-pojoké témboké kutha. Raja Uzia misuwur tekan endi-endi; semono uga pangwasané dadi gedhé banget, merga kapitulungan déning Allah.

16 Bareng wis kuwat Raja Uzia dadi gemunggung, njalari dadi lan ambruké. Panjenengané mlebet ing Pedalemané Allah lan ngobong menyan ana ing mesbèh.

17 Tindaké sing mengkono mau dilawan déning Imam Azaria lan imam 80 liyané sing rosa lan kendel.

18 Aturé wong-wong mau, "Dhuh Sang Prabu, panjenengan mboten kagungan wewenang ngobong menyan kagem Allah. Menika tugasipun imam-imam anak-turunipun Harun, mergi tiyang-tiyang menika ingkang kapilih déning Allah. Panjenengan kula aturi jengkar saking panggènan suci menika! Panjenengan sampun nglawan dhateng Allah, pramila samenika Gusti Allah mboten badhé mberkahi panjenengan."

19 Nalika semono Raja Uzia lagi ana ing Pedalemané Allah, jumeneng sandhing mesbèh papan kanggo ngobong menyan,

astané ngasta menyan arep kagem
kekutug. Sang Prabu duka banget
marang para imam, nanging sanalika
iku uga rainé kena lelara kusta sing
nggegirisi.
20 Azaria lan imam-imam liyané sing
weruh padha kagèt banget. Raja Uzia
banjur dipeksa nilar Pedalemané Allah.
Panjenenganė énggal-énggal miyos
merga wis ketaman bebenduné Allah.
21 Merga saka gerahé mau, Raja Uzia
disingkiraké ana ing omah kusus,
dhéwé, lan manggon ana ing kono tekan
sédané. Panjenengané ora diparengaké
mlebet menèh ing Pedalemané Allah.
Pepréntahané negara ditindakaké déning
Yotam, putrané.
22 Riwayaté Raja Uzia liya-liyané wis
katulis déning Nabi Yésaya bin Amos.
23 Bareng séda Raja Uzia kasarèkaké
ing palemahan sandhing pesaréané para
raja, dadi ora ana ing pesaréané dhéwé,
merga panjenengané gerah kusta, sing
nggegirisi banget. Yotam, putrané,
nggentèni dadi raja.

27 1 Nalika dadi raja ing Yérusalèm,
Yotam yuswané 25 taun. Lawasé

dadi raja 16 taun. Asmané ibuné Yérusa
binti Zadok.
2 Yotam tumindaké dadi renaning
penggalihé Pangéran, kaya ramané.
Mung waé Yotam ora ngobong menyan
ing Pedalemané Allah, kaya sing
ditindakaké déning ramané. Éwasemono
rakyat tansah gawé dosa.
3 Raja Yotam yasa gapura Pedalemané
Allah sisih Lor lan nguwati témbok Ofèl
ing Yérusalèm.
4 Panjenengané yasa kutha-kutha ing
pegunungan Yéhuda sarta bètèng-
bètèng sarta menara-menara ing
alas-alas.
5 Raja Yotam nglurugi perang nelukaké
Raja Amon sabalané kabèh. Wong Amon
dipeksa mbayar pajeg. Telung taun
lawasé wong Amon saben taun kudu
nyaosaké slaka 3.400 kilogram, gandum
100 ton lan jewawut 1.000 ton. Kuwi
kudu padha ditetepi.
6 Pangwasané Raja Yotam saya
mundhak-mundhak, merga
panjenengané setya olèhé nglakoni
dhawuhé Allah.
7 Kedadéan-kedadéan liyané ing
pepréntahané Yotam, peprangan lan

putusan-putusan, kabèh wis dicathet
ing Kitab Sejarahé Para Raja Israèl lan
Yéhuda.
8 Nalika dadi raja ing Yérusalèm Raja
Yotam yuswa 25 taun, lan enggoné dadi
raja lawasé 16 taun.
9 Bareng séda banjur disarèkaké ana
ing Kuthané Dawud. Akhas, putrané,
nggentèni dadi raja.

28 1 Nalika Akhas dadi raja, umuré
rong puluh taun; manggoné
ing Yérusalèm, lawasé nembelas taun.
Akhas ora manut tuladha sing becik saka
Raja Dawud, malah nylèwèng ora gawé
renaning penggalihé Pangéran.
2 Tumindaké kaya raja-raja ing Israèl,
lan wong padha gawé reca-recané Baal
saka logam,
3 sarta padha ngobong menyan ing
Lebak Ben-Hinom. Malah putrané
piyambak digawé kurban marang
brahala, manut adat sing ditindakaké
déning wong-wong sing ditundhung
déning Pangéran saka tanah Kenaan
nalikané wong Israèl mlebu ing tanah
kono.
4 Raja Akhas gawé kurban lan ngobong
menyan ing papan-papan panyembahan

brahala sing ana ing désa-désa lan
pegunungan, ing sangisoring wit-wit
gedhé.
5 Sarèhné Raja Akhas nglakoni dosa,
mulané Allah négakaké Raja Akhas
ditelukaké déning Siria, lan sebagéan
gedhé wong Yéhuda ditawan, digawa
menyang Damsyik. Raja Akhas iya
ditégakaké déning Pangéran, mula
ditelukaké déning Pékah bin Rémalya,
raja ing Israèl. Sajroné sedina Pékah
matèni prejurit Yéhuda sing kendel
perang, cacahé 120.000. Kabèh
mau kelakoné merga wong Yéhuda
ditégakaké déning Pangéran, Allahé
leluhuré, ora liya merga enggoné padha
nyingkur marang Panjenengané.
6 (28:5)
7 Putrané Akhas, yakuwi Maaséya
dipatèni déning Zikri, prejurit Israèl.
Wong mau iya matèni Azrikam,
penggedhéné kedhaton lan Èlkana,
andel-andelé[j] Sang Raja.
8 Senajan wong-wong Yéhuda kuwi
tunggal bangsa karo wong-wong Israèl,
éwasemono wong Israèl tegel nawan
wong wadon lan bocah-bocah Yéhuda,

[j]andel-andel: kepercayaan (bhs. Indonesia).

cacahé 200.000. Wong-wong mau padha
digawa menyang Samaria, bebarengan
karo barang rampasan pirang-pirang.
9 Kecrita ana nabiné Allah, jenengé
Odèd, manggon ing Samaria. Nalika
tentara Israèl bali saka Yéhuda
nggawa tawanan arep mlebu ing
Samaria dipethukaké karo Nabi Odèd.
Pangandikané mengkéné, "Enggonmu
bisa nelukaké wong Yéhuda kuwi merga
Pangéran, Allahé leluhurmu, duka
marang Yéhuda. Nanging Allah pirsa
yèn caramu matèni tentara Yéhuda kuwi
klawan siya-siya.
10 Lan saiki wong-wong Yérusalèm
lan Yéhuda arep kokdadèkaké batur-
tukonmu? Apa kowé padha ora rumangsa
yèn wis nglakoni dosa ana ing ngarsané
Allahmu?
11 Rungokna! Wong-wong tawanan kuwi
rak sedulurmu dhéwé. Mulané padha
konen mulih. Yèn ora, Gusti Allah bakal
duka lan kowé bakal padha diukum!"
12 Tokoh Israèl papat, yakuwi: Azaria
bin Yohanan, Bèrékia bin Mesilémot,
Yehizkia bin Salum lan Amasa bin Hadlai,
iya padha ora nyarujuki tumindaké
tentara sing teka mau.

13 Tembungé, "Tawanan-tawanan kuwi
aja digawa mréné! Kita wis gawé dosa
ing ngarsané Allah, lan dosa-dosa kita
wis cukup kanggo ngukum kita. Pokalmu
kuwi mung bakal nambahi dosa kita."
14 Prejurit-prejurit banjur masrahaké
para tawanan lan barang-barang saka
olèhé njarah, marang rakyat lan para
pemimpiné.
15 Tokoh papat Israèl mau banjur
ngurus para tawanan. Sandhangan
lan barang-barang jarahan dibalèkaké
marang para tawanan. Para tawanan
mau uga didumi sepatu, diwènèhi
mangan lan ngombé. Sing tatu padha
ditambani nganggo lenga zaitun. Sing
ora bisa mlaku ditunggangaké kuldi.
Para tawanan mau banjur padha digawa
menyang Yérikho, kutha kurma, supaya
padha bisa bali menyang omahé dhéwé-
dhéwé ing Yéhuda. Sawisé mengkono
wong Israèl iya banjur bali menyang
Samaria.
16 Wong Édom wiwit nyerang Yéhuda
menèh. Akèh wong Yéhuda sing dicekel.
Mulané Raja Akhas nyuwun pitulungan
marang Tiglat-Pilèsèr, raja Asyur, supaya
ngutus balané menyang Yéhuda.

17 (28:16)
18 Nalika semono wong Filistin iya lagi
nyerbu kutha-kutha sing ana ing sikilé
gunung sisih Kulon, lan daérah-daérah
ing sisih kidulé Yéhuda. Sing direbut
wong Filistin yakuwi kutha-kutha
Bèt-Sèmès, Ayalon, Gidérot, Sokho,
Timna lan Gomzo.
19 Sarèhné Akhas, raja Yéhuda
tumindak sawenang-wenang marang
rakyat lan nglawan marang Allah,
Pangéran banjur nekakaké rerusuh ing
Yéhuda.
20 Tekané Tiglat-Pilèsèr mau ora merga
arep mbiyantu marang Raja Akhas,
malah mung arep gawé susahé.
21 Mulané Raja Akhas mau banjur
dicaosi emas sing diklumpukaké saka
Pedalemané Allah, saka kedhaton lan
saka brayat-brayaté para pemimpin.
Nanging kuwi kabèh ora ana gunané.
22 Ing kaanan sing sarwa répot mau
Raja Akhas enggoné gawé dosa marang
Pangéran malah saya ndadi.
23 Raja Akhas gawé susahé rakyat lan
awaké dhéwé, merga saka enggoné
nyembah brahala-brahalané wong Siria.
Rumangsané déwa-déwa mau sing

marakaké Raja Akhas kalah perangé.
Gagasané, "Déwa-déwa Siria kuwi sing
mbiyantu raja-raja Siria. Mulané angger
aku saos kurban marang déwa-déwa
mau, bisa uga banjur padha awèh
pitulungan marang aku."
24 Raja Akhas banjur mundhuti sakèhé
praboté Pedalemané Allah lan dirusak.
Pedalemané Allah ditutup, sarta rata sak
Yérusalèm kabèh didegi mesbèh.
25 Saben kutha lan saben désa
ing Yéhuda didegi papan-papan
panyembahan brahala, kanggo ngobong
menyan marang déwa-déwané bangsa
liya. Srana mengkono Raja Akhas gawé
dukané Pangéran, Allahé para leluhuré.
26 Riwayaté Akhas olèhé dadi raja
lan lelakoné kabèh kacathet ing Kitab
Sejarahé Para Raja Yéhuda lan Israèl.
27 Raja Akhas séda lan disarèkaké
ing Yérusalèm, nanging ora ana ing
pesaréané para raja. Hizkia, putrané,
nggentèni dadi raja.

29 1 Nalika Hizkia dadi raja ing
Yéhuda umuré selawé taun,
manggèn ing Yérusalèm, lawasé dadi
raja sangalikur taun. Asmané ibuné Abia
binti Zakharia.

2 Hizkia tumindaké gawé renaning
penggalihé Allah, kaya Raja Dawud,
leluhuré.
3 Nalika sasi kapisan, ing taun
wiwitaning pepréntahané, Raja Hizkia
mbikak lawang-lawangé Pedalemané
Allah lan dhawuh supaya Pedaleman
mau didandani.
4 Para imam lan wong Lèwi didhawuhi
nglumpuk ana ing platarané Pedalemané
Allah sing sisih Wétan.
5 Raja Hizkia ngandika karo wong-wong
mau, dhawuhé, "Kowé wong-wong
Lèwi kudu nucèkaké awakmu kagem
Gusti Allah, lan nucèkaké Pedalemané
Pangéran, Allahé leluhurmu. Apa waé
sing gawé najisé Pedaleman iki kudu
disingkiraké.
6 Para leluhur kita padha ora setya
marang Allah sarta nglakoni sing ora
gawé renaning penggalihé. Padha ora
mreduli marang Panjenengané lan ora
mreduli marang Pedalemané.
7 Lawang-lawangé Pedaleman padha
ditutup lan lampu-lampuné dipatèni.
Ora ana wong ngobong menyan
utawa nyaosaké kurban obongan ing
Pedaleman kéné.

8 Mulané Gusti Allah duka lan ngukum
wong Yéhuda lan Yérusalèm. Lan kowé
padha weruh dhéwé sepira pendamelé
Allah mau gawé rekasané lan girisé wong
kabèh.
9 Bapak-bapak kita padha tiwas ana ing
peprangan, lan anak-bojo kita padha
diboyong dadi tawanan.
10 Saiki aku arep gawé prejanjian
karo Pangéran, Allahé Israèl, supaya
Panjenengané ora duka menèh marang
kita.
11 Kowé anak-anakku, aja padha
semaya, merga kowé sing dipilih
déning Allah ngobong menyan kagem
Panjenengané lan dipilih nuntun rakyat
supaya ngabekti marang Panjenengané."
12 Wong-wong Lèwi sing nalika semono
padha nglumpuk yakuwi: Saka gotrahé
Kéhat: Mahat bin Amasi lan Yoèl bin
Azaria. Saka gotrahé Mérari: Kis bin Abdi
lan Azaria bin Yehaléleèl. Saka gotrahé
Gèrson: Yoah bin Zima lan Èden bin
Yoah. Saka gotrahé Élisafan: Simri lan
Yeièl. Saka gotrahé Asaf: Zakharia lan
Matania. Saka gotrahé Héman: Yehièl lan
Simèi. Saka gotrahé Yedhutun: Semaya
lan Uzièl.

13 (29:12)
14 (29:12)
15 Wong-wong mau banjur padha
nglumpukaké wong Lèwi liya-liyané.
Kabèh banjur padha sesuci. Sawisé
mengkono para imam banjur mlebu ing
Pedalemané Allah lan padha nucèkaké
Pedaleman mau, kaya sing dadi dhawuhé
Sang Prabu. Kabèh barang sing najis
digawa metu menyang pekaranganė
Pedalemané Allah. Saka kono banjur
digawa déning para wong Lèwi menyang
Lebak Kidron, ing sanjabané kutha.
16 (29:15)
17 Pegawéan mau katindakaké wiwit
tanggal siji sasi kapisan. Nalika tanggal
kawoluné wong-wong wis padha
rampung enggoné ngresiki plataran
tekan bangsalé Pedaleman sing ngarep
dhéwé. Sawisé mengkono banjur padha
nucèkaké gedhongé Pedaleman kabèh,
lawasé wolung dina, temah bareng
tanggal nembelas sasi mau kabèh wis
rampung.
18 Wong-wong Lèwi banjur padha
ngaturi pirsa marang Sang Prabu Hizkia,
"Pedalemanipun Allah sawetahipun
sampun kula sucèkaken, dalah mesbèh

kurban obongan, méja kanggé roti sajèn
lan sedaya ubarampénipun.
19 Prabot-prabot ingkang dipun
singkiraken déning Raja Akhas nalika
panjenenganipun mboten mreduli
dhateng Pangéran selaminipun dados
raja, inggih sampun sami kula
wangsulaken. Sedaya prabot ingkang
kasucèkaken kagem Allah sampun sami
kula klempakaken lan samenika kula
papanaken wonten ing sangajenging
mesbèh."
20 Raja Hizkia énggal-énggal
nglumpukaké tokoh-tokoh masarakat,
banjur tindak bebarengan karo wong-
wong mau menyang Pedalemané
Allah.
21 Banjur padha saos kurban
pangapuraning dosa kanggo brayaté
Sang Prabu lan rakyat Yéhuda,
mengkono uga kanggo nucèkaké
Pedalemané Allah, rupa sapi lanang
pitu, wedhus gèmbèl, cempé pitu lan
wedhus jawa pitu. Sang Prabu banjur
ndhawuhi para imam tedhaké Harun
nyaosaké kéwan-kéwan mau kagawé
kurban obongan ana ing mesbèh.

22 Sing dhisik dhéwé imam-imam mau
nyembelèhi sapi-sapiné lan nyiramaké
getihé ana ing mesbèh. Sawisé
mengkono banjur gentèn wedhusé
gèmbèl pitu lan cempéné gèmbèl pitu
disembelèh lan getihé disiramaké ana
ing mesbèh.
23 Sing kèri dhéwé imam-imam mau
banjur njupuk wedhus-wedhusé jawa,
digawa menyang ngarsané Sang
Prabu lan rakyat kang lagi padha
ngibadah ana ing kono. Wong kabèh
padha numpangaké tangané ana ing
wedhus-wedhus mau.
24 Wedhus-wedhus mau nuli disembelèh
lan getihé disiramaké ana ing mesbèh
minangka kurban pangapuraning dosa
kanggo rakyat kabèh. Kuwi kabèh
atas dhawuhé Sang Prabu supaya
nyaosaké kurban obongan lan kurban
pangapuraning dosa kanggo rakyat
Israèl kabèh.
25 Sang Prabu iya ndhawuhaké supaya
wong Lèwi padha ngunèkaké clempung
lan kentrung sing diagem Dawud ana
ing Pedalemané Allah, miturut pitedahé
Pangéran marang Raja Dawud lantaran
Nabi Gad, penaséhaté, lan Nabi Natan.

26 Para imam iya didhawuhi ngunèkaké
slomprèt.
27 Raja Hizkia dhawuh supaya upacara
nyaosaké kurban diwiwiti. Sajroné
kurban disaosaké, wong-wong padha
memuji marang Pangéran, liyané padha
ngunèkaké slomprèté sarta ngunèkaké
tetabuhan liyané.
28 Raja Hizkia lan wong-wong sing ana
ing kono banjur padha nyembah sujud
marang Pangéran. Sing menyanyi padha
terus menyanyi, sing tetabuhan iya terus
ngunèkaké tetabuhané nganti kurban
kabèh rampung kasaosaké.
29 (29:28)
30 Sang Prabu lan para pemimpiné
masarakat padha ndhawuhi wong Lèwi
supaya menyanyi kagem Allah lelagon
karanganè Raja Dawud lan Nabi Asaf.
Wong kabèh padha menyanyi klawan
bungah, karo sujud lan nyembah marang
Allah.
31 Sawisé mengkono Raja Hizkia
banjur ngandika, "Sarèhné kowé wis
padha disucèkaké, mulané kudu saos
panuwun srana nyaosaké kurban marang
Pangéran." Wong-wong mau uga banjur
nglakoni dhawuhé Hizkia, sarta padha

saos kurban miturut rilaning atiné, rupa
kéwan-kéwan,
32 yakuwi sapi lanang 70, wedhus
gèmbèl 100 lan cempé gèmbèl 200,
kabèh kagawé kurban obongan konjuk
marang Pangéran.
33 Wong-wong sing ana ing kono iya
nganakaké kembulan mangan sarta
nyembelèh sapi lanang 600 lan wedhus
gèmbèl 3.000.
34 Cacahé imam sing wis disucèkaké ora
nyukupi kanggo ngelèti kéwan semono
akèhé. Mulané banjur diréwangi para
wong Lèwi, merga wong Lèwi luwih
ngemenaké marang prenatan sesuci.
Wong-wong mau padha tetep mbiyantu
para imam nganti cacahé imam sing
nucèkaké awaké wis cukup.
35 Kejaba kurban obongan, para imam
uga nyaosaké gajihé kurban sukuran
sing dipangan déning rakyat. Semono
uga padha nyaosaké kurban anggur sing
diesok bebarengan karo kurban obongan
mau. Kaya mengkono pangibadah ing
Pedalemané Allah dianakaké menèh.
36 Raja Hizkia lan rakyat padha seneng
atiné merga Allah wis paring pambiyantu

nganti enggoné mrenata mau kabèh
énggal rampung.
30 1 Riaya Paskah durung bisa
dianakaké déning rakyat ing
wektu sing wis katetepaké ing sasi
kapisan, merga cacahé imam sing wis
nucèkaké awaké durung nyukupi, lan
iya durung akèh wong sing teka ing
Yérusalèm. Mulané Raja Hizkia lan
para pegawéné sarta wong Yérusalèm
sarujuk nganakaké Riaya Paskah
mau ing sasi kapindho. Wong kabèh
padha seneng anané rancangan sing
mengkono mau. Raja Hizkia banjur gawé
pengumuman marang wong ing Israèl
lan Yéhuda kabèh. Uga marang taler
Éfraim lan Manasyè. Bangsa Israèl kabèh
diulemi teka ing Pedalemané Allah ing
Yérusalèm kanggo ngriayakaké Paskah,
kanggo ngurmati Gusti Allah, kaya sing
ditetepaké ana ing kitab-kitabé Musa.
2 (30:1)
3 (30:1)
4 (30:1)
5 (30:1)
6 Sang Prabu lan para pegawé-
pegawéné ngutus utusan-utusan nekani
rakyat ing satanah Yéhuda lan Israèl

kabèh karo nggawa layang sing surasané
mengkéné: "Para sedulur, wong Israèl
kabèh waé! Kowé wis padha bébas saka
pangwasané wong Asyur. Saiki padha
balia nyembah Pangéran, Allah sing
disembah déning Abraham, Iskak lan
Yakub, supaya Panjenengané iya nunggil
karo kowé.
7 Aja kaya leluhur-leluhurmu lan
wong-wong Israèl liyané sing padha
nyingkur marang Pangéran, Allahé. Kowé
wis padha weruh dhéwé sepira aboté
paukuman sing padha disangga.
8 Mulané aja mangkotaké atimu,
nanging padha nglakonana dhawuhé
Pangéran. Padha tekaa ing Yérusalèm,
ing Pedalemané Allah, kang wis
disucèkaké déning Pangéran Allahmu
kagem Panjenengané piyambak ing
selawas-lawasé. Ayo padha nindakaké
pangibadah marang Panjenengané,
supaya Panjenengané ora duka menèh
marang kowé.
9 Yèn kowé padha nggatèkaké marang
Pangéran, wong-wong sing nggawa
sanak sedulurmu didadèkaké tawanan
kuwi bakal runtuh welasé, lan mbalèkaké
sanak sedulurmu mau. Pangéran kuwi

Allah kang becik penggalihé lan asipat
welasan. Panjenenganė bakal menggalih
marang kowé, yèn kowé nggatèkaké
marang Panjenenganė."
10 Para utusan mau banjur padha
budhal menyang kutha-kutha ing
wilayahé taler Éfraim lan Manasyè,
mengalor tekan wilayahé taler Zébulon.
Nanging satekané kana padha digeguyu
lan dipoyoki.
11 Iya ana wong-wong saka taler Asyèr,
Manasyè lan Zébulon sing gelem padha
teka ing Yérusalèm.
12 Ing Yéhuda dhéwé Allah mberkahi,
mula rakyat kabèh saiyeg kepéngin
ngabekti marang Allah klawan terusing
ati lan nglakoni sing dadi kersané srana
manut Sang Prabu lan para pegawéné.
13 Ing sasi kapindho akèh rakyat sing
padha nglumpuk ing Yérusalèm arep
nganakaké Riaya Pésta Roti Tanpa Ragi.
14 Mesbèh-mesbèh ing Yérusalèm sing
biyèn dienggo gawé kurban lan ngobong
menyan marang para déwa padha
dibuwang ing Lebak Kidron.
15 Nalika tanggal patbelas sasi kuwi
wong-wong padha nyembelèh wedhus
gèmbèl digawé kurban Paskah. Para

imam lan wong Lèwi sing isih najis padha
isin. Mulané banjur padha sesuci, temah
padha bisa mèlu nyaosaké kurban ing
Pedalemané Allah.
16 Wong-wong mau padha mapan
ing panggonané dhéwé-dhéwé ana
ing Pedalemané Allah manut prenatan
sing kasebut ing Kitabé Musa. Getihé
kéwan-kéwan sing digawé kurban mau
dipasrahaké déning wong Lèwi marang
para imam; para imam mau banjur
ngesok getih mau ana ing mesbèh.
17 Wong-wong sing padha ana ing kono
akèh sing durung sesuci, mulané ora
kena nyembelèh wedhus gèmbèl kanggo
kurban Paskah, temah pegawéan mau
ditindakaké déning wong-wong Lèwi
kanggo wong-wong mau, konjuk marang
Allah.
18 Kejaba kuwi ing antarané wong-wong
Éfraim, Manasyè, Isakar lan Zébulon
akèh sing teka mrono tanpa nucèkaké
awaké dhisik. Dadi enggoné padha
ngriayakaké Paskah ora sah. Mulané
Raja Hizkia banjur ndedonga kanggo
wong-wong mau, aturé,
19 "Dhuh Pangéran, Allahipun para
leluhur kawula, Paduka ingkang saé

ing penggalih mugi kersa ngapunten
tiyang-tiyang ingkang sami nindakaken
pangibadah kalayan tulusing manah,
senajan dèrèng sesuci."
20 Gusti Allah miyarsakaké pandonganè
Hizkia. Wong-wong mau padha diapura,
nganti padha ora ditibani paukuman.
21 Wong-wong sing padha nglumpuk
ing Yérusalèm mau padha nganakaké
Riaya Pésta Roti Tanpa Ragi karo
bungah-bungah suwéné pitung dina.
Wong Lèwi lan para imam saben dina
padha memuji marang Pangéran klawan
éklasing ati.
22 Raja Hizkia ngalem marang wong
Lèwi, merga pinteré mimpin pangibadah
marang Allah. Bareng enggoné padha
saos kurban lan saos panuwun marang
Allahé leluhuré, wis olèh pitung dina,
23 wong kabèh banjur padha rujuk
nyambung riaya mau pitung dina engkas.
Riaya banjur diterusaké menèh klawan
bungah.
24 Raja Hizkia nyumbang sapi lanang
1.000 lan wedhus gèmbèl 7.000. Para
pegawéné Hizkia nyumbang sapi lanang
1.000 lan wedhus gèmbèl 10.000.
Kéwan-kéwan mau kabèh dipasrahaké

marang rakyat supaya disembelèh lan dipangan. Imam sing sesuci cacahé akèh banget.

25 Rakyat Yéhuda, para imam, wong Lèwi lan wong-wong sing padha teka saka sisih Lor, sarta wong manca sing padha dadi penduduk Israèl lan Yéhuda, kabèh padha seneng-seneng.

26 Kutha Yérusalèm katon semarak banget. Wiwit jamané Raja Suléman, putrané Dawud, sing mengkono mau durung tau kelakon.

27 Para imam lan wong Lèwi padha nyuwunaké berkahé Pangéran kanggo rakyat, lan saka pedalemané ing swarga Gusti Allah miyarsakaké lan njurungi panyuwun mau.

31 1 Sawisé riayané rampung, rakyat kabèh banjur padha nggempuri tugu-tugu brahala ing saben kutha ing tanah Yéhuda. Reca-recané Dèwi Asyéra dirubuhaké, mesbèh-mesbèh lan papan-papan panyembahan brahala diremuk kabèh. Panggonan-panggonan liyané ing Yéhuda uga dirusak, malah iya tekan wilayahé Bènyamin, Éfraim lan Manasyè. Sawisé mengkono lagi padha mulih menyang omahé dhéwé-dhéwé.

2 Raja Hizkia mrenata menèh
pangedumé tugas kanggo para imam
lan wong Lèwi. Tugas-tugas mau
yakuwi saos kurban obongan lan kurban
keslametan, mèlu ngibadah ana ing
Pedalemané Allah lan saos sukur marang
Allah, sarta memuji lan ngladèni ing
gapura-gapurané Pedalemané Allah.
3 Sang Prabu iya nyumbang wujud
kéwan-kéwan saka kagunganė
piyambak, kanggo kurban obongan
saben ésuk lan soré, lan kanggo kurban
ing dina Sabbat, Riaya Sasi Anyar lan
riaya liya-liyané sing diprenata manut
dhawuh-dhawuhé Allah.
4 Kejaba saka kuwi Sang Prabu iya
ndhawuhi wong Yérusalèm padha saosa
pisungsung kanggo para imam lan wong
Lèwi, supaya wong-wong mau bisa
mligèkaké pikirané marang pegawéan
ing Pedalemané Allah, kaya sing kasebut
ana ing prenatan-prenatané Allah.
5 Dhawuh mau diumumaké marang
rakyat, mula wong Israèl banjur padha
nggawa pisungsung kanggo para imam
rupa pametuné lemah sing diundhuh
dhisik dhéwé, yakuwi: jagung, anggur,
lenga zaitun, madu lan pametu liya-

liyané. Saprasepuluhé panènané digawa
minangka pisungsung kanggo wong
Lèwi.
6 Wong kabèh sing manggon ana ing
kutha-kutha Yéhuda padha nggawa
saprasepuluhé raja-kayané, yakuwi
sapi lan wedhus gèmbèl sarta barang
liya-liyané, banjur dipisungsungaké
marang Pangéran Allahé.
7 Pisungsung-pisungsung mau wiwit
disaosaké ing sasi katelu lan terus-
terusan nganti sasi kapitu.
8 Pirsa pisungsung semono akèhé mau
Raja Hizkia lan para pegawéné padha
ngluhuraké asmané Allah lan ngalem
marang rakyat Israèl.
9 Nalika ngandikan karo para imam lan
wong Lèwi bab pisungsung-pisungsung
mau,
10 Imam Agung Azaria, tedhaké Zadok,
matur, "Wiwit nalika rakyat sami mbekta
pisungsung-pisungsungipun dhateng
Pedalemanipun Allah, kula sami mboten
kekirangan tedha, malah tirah-tirah.
Menika sedaya sami kula tampi mergi
Pangéran sampun mberkahi umatipun."

11 Sang Prabu dhawuh yasa gudhang-
gudhang ana ing sakiwa-tengené
Pedalemané Allah,
12 kanggo nyimpen pisungsung-
pisungsung lan prasepuluhan mau. Wong
Lèwi sing jeneng Konanya diangkat
dadi pengawas, lan Simèi, adhiné,
didadèkaké pembantuné.
13 Wong loro mau mbawahaké wong
Lèwi liyané, 10 yakuwi: Yehièl, Azazia,
Nahat, Asaèl, Yérimot, Yozabad, Élièl,
Yismakia, Mahat lan Azaria.
14 Koré bin Yimna, wong Lèwi sing
dadi kepalané pengawal gapurané
Pedalemané Allah sing sisih Wétan,
dipasrahi tanggung jawab nampa lan
ngedum pisungsung sing disaosaké
marang Pangéran.
15 Ing kutha-kutha liyané sing dienggoni
imam-imam, Koré diréwangi wong-wong
Lèwi liyané, yakuwi: Èden, Minyamin,
Yésua, Semaya, Amarya lan Sekhanya.
Pisungsung sing rupa bahan pangan mau
diedum rata ing antarané wong-wong
saka taler Lèwi, miturut tugasé, ora
miturut gotrahé.
16 Wong lanang kabèh sing umur telung
puluh munggah lan nglakoni tugasé

saben dina ana ing Pedalemané Allah
miturut golongané, iya olèh pandumané
dhéwé-dhéwé.
17 Para imam didaftar miturut gotrahé,
lan wong Lèwi sing umuré rong puluh
taun munggah didaftar miturut tugas lan
golongané.
18 Kabèh padha didaftar karo anak-
bojoné, sarta wong-wong sing ana ing
brayaté, merga wong Lèwi kabèh kudu
tansah siaga nglakoni tugas-tugasé sing
kusus kagem Pangéran.
19 Ing antarané imam-imam sing
manggon ana ing kutha-kutha sing
ditetepaké déning Harun, utawa ing
pangonan-pangonan sakiwa-tengené
kutha-kutha mau, ana sing diangkat
dadi juru ngedum rangsum marang
wong lanang-lanang kabèh sing ana ing
brayaté imam-imam, lan marang saben
wong sing klebu daftaré taler Lèwi.
20 Raja Hizkia ngerèh satanah kabèh
klawan adil, temah gawé renaning
penggalihé Pangéran, Allahé.
21 Ing sadhéngah prekara sing
ditandangi, mesthi olèh gawé,
sebab kabèh sing ditandangi kagem
Pedalemané Allah lan pangudiné supaya

dhawuh-dhawuhé Pangéran ditetepi, kuwi kabèh ditindakaké klawan terusing ati lan saka tresnané marang Pangéran Allahé.

32 1 Sajroné Raja Hizkia nindakaké prekara-prekara sing nélakaké kasetyané marang Pangéran, Sanhérib teka nyerang Yéhuda. Kutha-kutha sing ana bètèngé dikepung, lan pasukané dipréntah supaya ngrebut kutha-kutha mau.

2 Bareng ngerti yèn Sanhérib nedya nyerbu Yérusalèm,

3 Hizkia lan para punggawané banjur mutusaké mepeti banyu sing mili menyang sanjabané kutha, supaya wong-wong Asyur samangsa teka ing sacedhaké Yérusalèm, ora olèh banyu. Wong-wong sing dikerigaké para pegawéné Hizkia kanggo nyumpet banyu sing mili metu saka kutha, cacahé akèh banget.

4 (32:3)

5 Kutha Yérusalèm dikuwati srana ndandani témboké lan didegi menara-menara ing sandhuwuré témbok, sarta iya mbangun témbok njaba. Kejaba kuwi Sang Prabu ndandani bètèng

sing didegaké ana ing tanah urugan, sawétané kutha Yérusalèm sing lawas. Panjenengané iya dhawuh gawé tumbak lan tamèng akèh banget.
6 Uga ngangkat perwira-perwira sing didhawuhi mimpin wong lanang-lanang sing ana ing kutha. Wong-wong mau didhawuhi nglumpuk ana ing ara-ara sangarepé gapuraning kutha. Banjur dingandikani mengkéné,
7 "Padha ditatag atimu lan sing gedhé precayamu; aja wedi karo raja Asyur utawa marang balané. Kekuwatan sing ana ing pihak kita luwih gedhé ketimbang karo sing ana ing pihaké kana.
8 Kekuwatané raja Asyur kuwi kekuwatané manungsa, nanging kita padha duwé Allah sing mbiyantu kita lan perang kanggo kita." Krungu pangandikané Sang Prabu mengkono mau rakyat dadi kendel.
9 Ora wetara suwé, nalika isih ana ing Lakhis karo wadya balané, Sanhérib kirim utusan marang Raja Hizkia lan rakyat Yéhuda ing Yérusalèm dikon muni mengkéné,

10 "Aku Sanhérib raja Asyur, kepéngin
takon karo kowé, kokwani-wanimu
tetep manggon ing Yérusalèm, sing lagi
dikepung mungsuh?
11 Apa kowé dikandhani Raja Hizkia
yèn Allahmu bakal ngluwari kowé saka
pangwasaku? Aja padha precaya, merga
kuwi rak mung kanggo ngapusi kowé.
Kowé bakal ditégakaké mati kaliren lan
mati kasatan.
12 Rak wong-wong kuwi sing nggempuri
papan-papan pangibadah lan mesbèh-
mesbèh Pangéran, lan akon wong
Yéhuda sarta wong Yérusalèm ngobong
menyan mung ana ing panggonan siji
waé.
13 Apa kowé padha ora weruh apa sing
wis ditindakaké déning para leluhurku
lan déning aku dhéwé tumrap bangsa-
bangsa liya? Durung tau ana déwa bisa
ngluwari bangsané saka pangwasané
raja Asyur!
14 Endi déwa sing keconggah? Dadiné,
déwamu iya tangèh bisané nylametaké
nyawamu.
15 Kowé aja kena diapusi utawa
diojok-ojoki ratumu! Aja ngandel!
Sebab durung tau ana déwa endi waé

keconggah ngluwari bangsané saka
pangwasané raja Asyur. Uga déwamu
ora bakal bisa ngluwari kowé!"
16 Isih akèh menèh tembung-tembung
sing diucapaké déning para utusané raja
Asyur mau sing ngrèmèhaké lan moyoki
Allah lan Raja Hizkia, abdiné Allah mau.
17 Raja Asyur iya kirim layang sing
surasané nyerang marang Pangéran,
Allahé Israèl. Tembungé mengkéné,
"Déwané Hizkia kuwi ora béda karo
déwané para bangsa liyané. Ora
bakal bisa ngluwari bangsané saka
pangwasaku."
18 Para utusan mau olèhé ngucapaké
tembung-tembung mau kabèh klawan
sora, nganggo basa Ibrani kanggo
medèn-medèni rakyat Yérusalèm sing
padha ngadeg ana ing témboké kutha
kono, supaya padha semplah atiné.
Srana mengkono wong Asyur ngira bisa
nelukaké kutha mau klawan gampang.
19 Olèhé nyenyamah marang Allah
sing dibektèni ing Yérusalèm kaya yèn
nyepèlèkaké déwa-déwané bangsa liya,
yakuwi reca-reca gawéané manungsa.

20 Raja Hizkia lan Nabi Yésaya bin Amos banjur padha sembahyang, nyuwun pitulungané Allah.

21 Pangéran nuli ngutus malaékat, matèni para prejurit lan para perwirané Asyur. Raja Asyur kewirangan banget, mulané banjur bali menyang negarané. Ing sawijining dina nalika lagi ana ing candhi muja déwané, Sanhérib ditekani para putrané dhéwé lan disédani nganggo pedhang.

22 Kaya mengkono patrapé Gusti Allah olèhé ngluwari Raja Hizkia lan penduduk Yérusalèm saka pangwasané Sanhérib, raja Asyur, lan saka mungsuh-mungsuhé liyané. Pangéran nekakaké katentreman marang tanah Yéhuda lan tanah-tanah ing sakiwa-tengené.

23 Akèh wong sing padha teka ing Yérusalèm nggawa pisungsung kagem Pangéran lan sesaosan kanggo Raja Hizkia, mula Raja Hizkia dadi kajèn-kéringan ing antarané para bangsa kabèh.

24 Ora let suwé Raja Hizkia gerah banget nganti mèh séda. Panjenengané banjur ndedonga, mula Gusti Allah

paring pratandha yèn Raja Hizkia mau
bakal saras menèh.
25 Nanging merga gemunggungé, Raja
Hizkia ora saos panuwun marang Allah.
Mulané Gusti Allah duka marang Yéhuda
lan Yérusalèm.
26 Nanging wekasané Hizkia lan
wong-wong Yérusalèm padha ngasoraké
awaké, mula selawasé Hizkia isih
sugeng, paukuman mau ora ditamakaké.
27 Raja Hizkia dadi sugih banget
lan diurmati déning wong kabèh.
Panjenenganė yasa kamar-kamar
kanggo nyimpen raja-brananė, yakuwi
emas, slaka, akik, bumbon werna-werna,
tamèng lan barang-barang sing akèh
ajiné.
28 Iya kagungan gudhang-gudhang
kanggo pametuné bumi, kayata:
gandum, anggur lan lenga zaitun. Uga
kagungan kandhang kanggo sapi-sapi
lan wedhus-wedhusé
29 sing cacahé akèh banget.
Panjenenganė iya yasa kutha-kutha
akèh. Kasugihan peparingé Allah mau
nganti lubèr-lubèr.
30 Raja Hizkia kuwi sing mbendung iliné
banyu saka tuk Gihon, diilèkaké nganggo

urung-urung ing ngisor lemah menyang
kutha Yérusalèm. Apa sing ditandangi
Raja Hizkia kasil.
31 Nalika para utusan saka tanah Babil
tilik ngaruhaké bab enggoné kawarasaké
saka gerahé nganggo cara sing élok,
Raja Hizkia ditilar déning Allah, mulané
tumindaké manut kersané dhéwé,
kanggo nyoba marang panjenengané.
32 Riwayaté Raja Hizkia liyané lan bab
katresnané marang Allah wis kacathet
kabèh ana ing Kitab Wahyuné Allah
Marang Nabi Yésaya bin Amos, lan ing
Kitab Sejarahé Para Raja Yéhuda lan
Israèl.
33 Raja Hizkia séda, banjur disarèkaké
ana ing pesaréané raja-raja ing
panggonan unggah-unggahan. Rakyat
Yéhuda lan Yérusalèm kabèh olèhé
padha saos pakurmatan nalika sédané,
gedhèn. Manasyè, putrané, nggentèni
dadi raja.

33

1 Nalika Manasyè dadi raja ing
Yérusalèm yuswané rolas taun lan
lawasé dadi raja 55 taun.
2 Manasyè gawé dosa ing ngarsané
Allah, merga manut padatan-padatan
ala sing dilakoni déning para bangsa sing

ditundhung déning Pangéran saka tanah
Kenaan, nalika wong Israèl mlebu ing
tanah kono.
3 Panggonan-panggonan
panyembahané brahala sing biyèn
digempur déning Raja Hizkia, ramané,
dibangun menèh. Manasyè yasa
mesbèh-mesbèh kanggo nyembah Baal,
lan gawé reca-recané Dèwi Asyéra.
Kejaba kuwi Manasyè uga nyembah
marang lintang-lintang.
4 Pangéran wis ngandika yèn Yérusalèm
kuwi selawasé dadia papan pamujan
marang Allah, nanging Raja Manasyè
yasa mesbèh-mesbèh ana ing
Pedalemané Allah kanggo déwa-déwa.
5 Ing platarané Pedalemané Allah karo
pisan Manasyè ngedegaké mesbèh-
mesbèh kanggo nyembah marang
lintang-lintang.
6 Malah putra-putrané digawé kurban
obongan marang para déwa ana
ing Lebak Ben-Hinom. Manasyè iya
nindakaké ilmu tenung, ilmu nujum,
ilmu gaib lan njaluk pituduh marang
roh-roh. Kuwi kabèh dosa gedhé ana ing
ngarsané Allah, mulané gawé dukané
Allah.

7 Reca-recané brahala didokokaké ana
ing Pedalemané Allah, mangka bab
Pedaleman mau Allah wis ngandika
marang Dawud lan marang Suléman,
putrané, "Yérusalèm wis Dakpilih saka
ing antarané wilayahé bangsa Israèl
rolas taler. Lan Aku wis netepaké
kanggo selawasé yèn umat-Ku Israèl
kudu ngibadah marang Aku ana ing
Pedaleman-Ku ing kutha kuwi.
8 Yèn umat Israèl netepi sakèhé
dhawuh-Ku lan nglakoni prenatan-Ku
sing Dakparingaké lantaran Musa,
abdi-Ku, Aku bakal ora négakaké bangsa
mau ditundhung saka ing tanah sing wis
Dakparingaké marang para leluhuré."
9 Manasyè njalari rakyat Yéhuda gawé
dosa, ngluwihi dosané bangsa-bangsa
Kenaan sing dhèk biyèn ditundhung
déning Pangéran nalika umaté Allah
mlebu ing tanah kono.
10 Gusti Allah ngémutaké marang
Manasyè lan rakyaté, nanging padha ora
dirèwès.
11 Mulané Pangéran nuli nekakaké para
panglimané tentara Asyur ngrebut tanah
Yéhuda. Manasyè dicekel lan guluné

ditalèni, tanganè diblenggu, banjur
dituntun menyang tanah Babil.
12 Sajroné nandhang sangsara mau
Manasyè ngasoraké awaké ana ing
ngarsané Allah, lan ndedonga nyuwun
pitulungan.
13 Allah miyarsakaké pandonganè lan
ngulihaké Manasyè menyang Yérusalèm,
dadi raja menèh. Merga ananè kaanan
mau Manasyè yakin temenan yèn
Pangéran kuwi Allah.
14 Sawisé mengkono Manasyè
ndhuwuraké témboké njaban kuthané
Dawud sing sisih Wétan. Miwiti saka
lebak sacedhaké Etuk Gihon, mengalor
tekan lawangé Gapura Iwak lan
péranganè kutha sing disebut Ofèl.
Saben kutha ing Yéhuda sing ana
bètèngé ana panglimané.
15 Reca-reca brahalané bangsa Kenaan
disingkiraké kabèh, mengkono uga
reca-reca sing ana ing Pedalemané Allah.
Mesbèh-mesbèh brahala sing ana ing
gunung panggonan Pedalemané Allah,
digempur, semono uga sing ana ing
papan-papan liya ing Yérusalèm. Kabèh
digawa menyang sanjabané kutha, nuli
dibuwang.

16 Manasyè uga ndandani mesbèh
Pangéran lan ana ing mesbèh kono
nyaosaké kurban keslametan lan kurban
sukur. Wong Yéhuda kabèh banjur
didhawuhi nyembah marang Pangéran,
Allahé Israèl.
17 Senajan rakyat isih padha nyaosaké
kurban ana ing papan-papan liya,
nanging kurban mau konjuk marang
Allah.
18 Crita liyané bab Manasyè,
pandonganė marang Allah, pangandikané
Allah lantaran para nabiné Pangéran,
Allahé Israèl, kabèh wis kacathet ing
Kitab Sejarahé Para Raja Israèl.
19 Ing Kitab Sejarahé Para Nabi uga
disebutaké pandonganė Manasyè lan
pangandikané Allah tumraping pandonga
mau, mengkono uga dicritakaké bab
dosa-dosané sadurungé mratobat,
panggonan-panggonan sing dienggo
nyembah brahala lan reca-recané Dèwi
Asyéra sing digawé lan brahala-brahala
sing disembah.
20 Manasyè séda lan disarèkaké ana ing
kedhaton. Amon, putrané, nggentèni
dadi raja.

21 Nalika dadi raja Yéhuda ana ing
Yérusalèm Amon yuswa rolikur taun.
Suwéné dadi raja rong taun.
22 Ora béda karo ramané, Amon gawé
dosa marang Allah, lan nyembah brahala
sing disembah déning ramané.
23 Nanging béda karo ramané, Amon ora
ngasoraké awaké lan ora bali ngabekti
ing Allah, malah dosané ngungkuli
ramané.
24 Para pegawéné Amon padha sekuthon
nglawan panjenengané, nganti Sang
Prabu disédani ana ing kedhatoné.
25 Nanging wong-wong sing nyédani
Raja Amon mau nuli gentèn dipatèni
déning rakyat Yéhuda. Rakyat banjur
ngangkat Yosia, putrané, dadi raja.
34 1 Nalika dadi raja Yéhuda Yosia
yuswa wolung taun. Lawasé dadi
raja ing Yérusalèm telung puluh siji taun.
2 Yosia tumindaké gawé renaning
penggalihé Pangéran, niru Raja Dawud,
leluhuré, sarta nglampahi sakèhé
prenatané Allah klawan terusing ati.
3 Sawisé dadi raja wolung taun, Yosia
senajan isih timur, wiwit manembah
marang Allah, sing disembah déning
Raja Dawud, leluhuré. Let patang

taun panjenengané wiwit nggempuri
papan-papan panyembahé brahala,
ngrusak reca-recané Dèwi Asyéra lan
brahala-brahala liyané.
4 Reca-reca lan brahala-brahala mau
diremuk déning para abdiné Yosia lan
awuné disebar ing kuburané wong-wong
sing padha gawé kurban marang
brahala-brahala mau. Mesbèh-mesbèhé
Baal lan mesbèh-mesbèh padupan sing
ana ing kono dibrukaké.
5 Yosia banjur ngobong ing mesbèh
mau balungé para imam sing biyèn
padha ngladèni para brahala. Mengkono
Yosia enggoné nucèkaké Yéhuda lan
Yérusalèm manut pranatané agama.
6 Sing mengkono mau uga ditindakaké
ing kutha-kutha lan ing daérah-daérah
sing wis rusak, ing tanahé taler Manasyè,
Éfraim lan Siméon, nganti tekan tanahé
Naftali ing sisih Lor.
7 Mesbèh-mesbèh lan reca-recané
Asyéra ing kraton Israèl sisih Lor kabèh
dibrukaké déning Yosia, mengkono uga
sakèhé reca lan sakèhé mesbèh papan
ngobong menyan diremuk. Raja Yosia
banjur kondur menyang Yérusalèm.

8 Bareng enggoné dadi raja nyandhak
wolulas taun, Raja Yosia sawisé
nucèkaké Pedalemané Allah lan
nyirnakaké panyembahé brahala ing
satanah kono kabèh, banjur paring
dhawuh marang wong telu supaya padha
ndandani Pedalemané Allah. Wong telu
mau yakuwi: Safan bin Azalia, Maaséya
gubernur Yérusalèm lan Yoah bin Yoahas,
pegawé sing dhuwur pangkaté.
9 Para wong Lèwi sing jaga ing
lawang-lawangé Pedalemané Allah
padha masrahaké dhuwit enggoné
nglumpukaké, marang Imam Agung
Hilkia. Dhuwit mau ditampa saka wong
Éfraim lan Manasyè lan saka rakyat
liyané ing krajan sisih Lor, sarta saka
brayat Yéhuda, brayat Bènyamin lan
rakyat Yérusalèm.
10 Dhuwit mau déning Imam Agung
Hilkia diparingaké marang wong telu
sing kadhawuhan déning Sang Prabu
ngawat-awati wong-wong sing ndandani
Pedalemané Allah. Wong telu mau padha
mènèhaké dhuwité
11 marang tukang kayu lan tukang batu
kanggo tuku watu lan kayu sing arep
dienggo ndandani gedhong-gedhong

sing ditégaké nganti rusak déning para
raja Yéhuda.
12 Wong-wong sing padha nandangi
pegawéan mau pancèn temen. Sing dadi
kepala wong Lèwi papat, yakuwi: Yahat
lan Obaja saka gotrah Mérari, Zakharia
lan Masulam saka gotrah Kéhat. Wong
Lèwi sing pinter ngunèkaké alat musik,
13 kabèh dipasrahi ngawat-awati carané
nekakaké barang-barang bangunan,
dikon ngepalani para buruh sing padha
nglakoni pegawéan rupa-rupa, lan
dipasrahi nindakaké administrasi apa
déné jaga lawang.
14 Nalika ngetokaké dhuwit saka kamar
simpenan, Hilkia nemu Kitab Torèt,
yakuwi isi prenatan-prenatan sing
diparingaké déning Allah marang Musa.
15 Pangandikané Hilkia marang
Safan, "Aku nemu Kitab Torèt ana ing
Pedalemané Allah." Kitab mau banjur
diparingaké marang Safan,
16 lan Safan sawisé nampani Kitab
mau banjur sowan Sang Prabu,
aturé, "Menapa ingkang panjenengan
dhawuhaken sampun kula lampahi.
17 Arta ingkang kasimpen wonten
ing Pedalemanipun Allah sampun kula

pendhet, lan sampun kula sukakaken
dhateng para tukang lan para mandhor."
18 Sawisé mengkono banjur matur
menèh, "Hilkia maringi kula Kitab
menika." Safan nuli macakaké Kitab mau
kagem Sang Prabu.
19 Bareng mireng surasané Kitab mau
Sang Prabu nyuwèk agemané merga
saka sedhihing penggalih.
20 Sang Prabu banjur ndhawuhi Hilkia,
Ahikam bin Safan, Abdon bin Mikha,
Safan sèkretarisé negara, lan Asaya
ajudané. Pangandikané,
21 "Nyuwuna pirsa marang Allah
kanggo aku lan wong-wong sing isih
kèri ing Yéhuda lan Israèl bab apa
sing dikersakaké Kitab iki. Mesthiné
Gusti Allah duka marang kita, merga
para leluhur kita padha ora nglakoni
dhawuh-dhawuh sing katulis ana ing
Kitab iki."
22 Wong-wong mau banjur padha
budhal nyuwun pirsa marang wong
wadon sing jeneng Hulda. Hulda kuwi
nabi sing omahé ana ing kampung
anyar ing Yérusalèm. Sing lanang
jenengé Salum bin Tokhat, putuné
Hasra. Gawéané ngurusi sandhangan

sing dienggo ing upacara pangibadah ing
Pedalemané Allah. Bareng Hulda krungu
ketranganè wong-wong mau,
23 banjur akon wong-wong sowan Sang
Prabu menèh karo matur mengkéné,
24 "Mekaten dhawuhipun Pangéran,
‘Yérusalèm lan wong sing manggon ing
kéné kabèh bakal Dakukum nganggo
paukuman sing katulis ana ing Kitab sing
diwacakaké marang Sang Prabu.
25 Wong-wong mau wis padha nyingkur
marang Aku lan gawé kurban marang
déwa-déwa. Penggawéné kabèh mau
gawé duka-Ku. Aku duka marang
Yérusalèm, lan duka-Ku ora kena
disirep.’
26 Bab Raja Yosia, Aku Pangéran Allahé
Israèl dhawuh mengkéné, ‘Kowé wis
krungu apa sing katulis ana ing Kitab
kuwi,
27 mulané kowé getun lan ngasoraké
awakmu ana ing ngarsa-Ku. Kowé nangis
lan nyuwèk penganggomu, mretandhani
sedhihing atimu, nalika kowé krungu
enggon-Ku ngancam arep ngukum
Yérusalèm lan rakyaté. Pandongamu wis
Dakpiyarsakaké.

28 Mulané Yérusalèm ora bakal
Dakukum selawasé kowé isih urip.
Kowé bakal Daktimbali kanthi tentrem
rahayu.’" Para utusan banjur padha bali
lan ngaturaké pangandikané Allah mau
marang Sang Prabu.
29 Raja Yosia banjur nimbali para
pemimpin Yéhuda lan Yérusalèm kabèh.
30 Panjenengané nuli tindak menyang
Pedalemané Allah, didhèrèkaké para
imam, para nabi lan rakyat kabèh, sing
miskin tekan sing sugih pisan. Sang
Prabu jumeneng ana ing sacedhaké
cagak, yakuwi papan sing pancèn
disedhiyakaké kagem Sang Prabu.
Ana ing ngarepé rakyat kabèh mau
Sang Prabu maos klawan swara sora
Kitab Prejanjian sing ketemu ana ing
Pedalemané Allah. Sang Prabu banjur
gawé prejanjian karo Pangéran, yèn
arep mbangun-turut marang Allah
lan nglakoni dhawuhé Pangéran sarta
prenatan-prenatané kabèh klawan
terusing ati. Mengkono uga arep
nglakoni sakèhé prejanjiané Allah karo
umat kagungané kaya kang kasebut ana
ing Kitab mau.
31 (34:30)

32 Wong Bènyamin lan wong liya-
liyané sing ana ing Yérusalèm kabèh
didhawuhi janji yèn bakal netepi marang
prejanjian mau. Mulané wong-wong
ing Yérusalèm iya banjur padha netepi
prenatan-prenatan sing kasebut ana
ing prejanjiané para leluhuré karo Gusti
Allah.
33 Brahala-brahala sing njijiki ing
papan-papan sing klebu wilayahé wong
Israèl, kabèh disirnakaké déning Raja
Yosia. Rakyaté didhawuhi ngabekti
marang Pangéran, Allahé para leluhuré.
Mula selawasé sugengé Raja Yosia rakyat
tansah setya marang Pangéran.

35 1 Kecrita Raja Yosia ngriayakaké
Paskah ing Yérusalèm kanggo
ngurmati Allah. Wedhusé gèmbèl
Paskah disembelèh tanggal patbelas sasi
kapisan.
2 Yosia ngedum pegawéan sing kudu
ditindakaké déning para imam ana ing
Pedalemané Allah, karo diweling supaya
padha nyambut-gawé sing becik.
3 Yosia uga paring dhawuh marang
para wong Lèwi sing wis dipilih kagem
Allah lan kadadèkaké guruné Israèl,
mengkéné, "Pethining Prejanjiané

Pangéran kang suci kuwi dokokna ing Pedalemané Allah, yasané Raja Suléman putrané Raja Dawud. Aja kokelih-elih menèh. Padha ngladènana Pangéran Allahmu lan Allahé bangsa Israèl.
4 Padha nglakonana pegawéanmu ana ing Pedalemané Allah, yakuwi panggonan sing wis ditetepaké kanggo gotrahmu, lan padha cecawisa nglakoni pegawéan sing wis dicawisaké déning Raja Dawud lan Raja Suléman kanggo kowé.
5 Pegawéanmu kuwi tatanen nganti selawasé saben ana pepanthané wong Israèl teka mrono ana wong Lèwi sing ngladèni.
6 Kowé kudu nyembelèh wedhus gèmbèl lan wedhus jawa ing Riaya Paskah. Mulané kowé kudu padha sesuci, yakuwi ngresiki awakmu manut prenatané agama, lan nyawisaké kurban supaya sedulur-sedulurmu tunggal bangsa bisa nindakaké apa sing didhawuhaké déning Pangéran lantaran Musa."
7 Kanggo pangané wong-wong sing padha nekani Riaya Paskah mau Sang Prabu Yosia nyumbang saka raja-kaya kagunganė piyambak: wedhus gèmbèl,

cempé gèmbèl lan cempé jawa 30.000, sarta sapi lanang 3.000.
8 Para pegawéné Raja Yosia iya padha
nyumbang kanggo rakyat, para imam,
sarta kanggo wong Lèwi. Para pegawé
sing padha dipasrahi tanggung jawab
tumraping Pedalemané Allah, yakuwi
Imam Agung Hilkia, Zakharia lan Yehièl,
telu-teluné maringaké marang para
imam cempé gèmbèl lan cempé wedhus
jawa 2.600 iji, sapi lanang 300 kanggo
kurban ing dina riaya mau.
9 Para pemimpiné wong Lèwi, yakuwi:
Konanya, Semaya lan Natanaèl
sasedulur, Hasabia, Yeièl lan Yozabad,
padha masrahaké marang wong Lèwi
cempé gèmbèl lan cempé wedhus jawa
5.000 iji, sarta sapi lanang 500 iji kanggo
kurban ing Riaya Paskah mau.
10 Sawisé kabèh sing kanggo Riaya
Paskah wis cemepak, para imam lan
wong Lèwi banjur padha mapan ngadeg
ing panggonané dhéwé-dhéwé kaya sing
didhawuhaké déning Sang Prabu.
11 Banjur padha nyembelèh kéwan
sing kanggo Riaya Paskah. Wong Lèwi
ngelèti kulité kéwan lan para imam

sing nyiprat-nyipratake getihé ing sandhuwuré mesbèh.

12 Saben kulawarga sing ana ing kono nampa kéwan siji saka kéwan-kéwan sing arep digawé kurban obongan. Nganggo cara mengkono padha bisa gawé kurban manut prenatan sing kasebut ana ing Kitab Torèté Musa.

13 Wong Lèwi nuli manggang kurban Paskah ana ing geni miturut prenatané. Kurban-kurban khusus digodhog ana ing kèncèng, kuwali lan ing panci-panci, nuli énggal-énggal diedum marang wong akèh.

14 Sawisé mengkono wong Lèwi lagi ngolah sing arep dipangan dhéwé, lan kanggo para imam tedhaké Harun. Para imam sedina muput nyambut-gawé keras saos kurban obongan rupa kéwan-kéwan mau, sarta ngobong gajihé.

15 Para ahli nabuh alat-alat musik saka kaum Asaf, taler Lèwi, wis siaga mapan ana ing panggonan sing wis ditetepaké déning Sang Prabu Dawud. Wong-wong mau yakuwi: Asaf, Héman lan Yedhutun, nabi sing dadi penaséhaté Sang Prabu. Wong-wong sing padha jaga ing lawang-lawangé gapura ora susah

ninggal panggonané jaga, merga bisa
mèlu ngriayakaké Paskah ana ing kono,
diladèni déning wong-wong Lèwi liyané.
16 Ing dina kuwi wong Lèwi padha
nglakoni sakèhing pegawéan sing
didhawuhaké déning Sang Prabu Yosia
kanggo Riaya Paskah, semono uga
padha saos kurban ana ing mesbèh.
17 Rakyat Israèl sing ana ing kono padha
ngriayakaké Paskah, karo Riaya Pésta
Roti Tanpa Ragi lawasé pitung dina.
18 Wiwit jamané Nabi Samuèl durung
tau ana Riaya Paskah gedhèn kaya kuwi.
Durung tau ana raja siji waé sing tau
ngriayakaké Paskah
19 kaya sing dianakaké déning Raja
Yosia nalika pepréntahané nyandhak
kaping wolulasé, bebarengan karo para
imam, wong Lèwi, wong Yéhuda lan
wong Israèl, sarta wong-wong sing
manggon ing kutha Yérusalèm.
20 Sawisé Raja Yosia rampung enggoné
ndandosi Pedalemané Allah, Néko raja
Mesir karo balané nglurug perang
menyang Karkhemis, sacedhaké
Bengawan Éfrat. Raja Yosia arep
ngalang-alangi,

21 nanging Néko kirim layang marang Raja Yosia, surasané mengkéné: "Raja Yéhuda. Panjenengan kula aturi sampun tumut-tumut. Kula mboten perang kaliyan panjenengan, nanging kaliyan mengsah-mengsah kula, lan Allah ngersakaken kula énggal-énggal nandangi prekawis menika. Allah paring pambiyantu dhateng kula. Pramila panjenengan sampun ngantos ngalang-alangi dhateng kula, supados panjenengan mboten katumpes."

22 Nanging Raja Yosia meksa nglawan. Panjenengané ora nurut marang pangandikané Allah lantaran Raja Néko. Raja Yosia nylamur lan mèlu perang ing Lebak Megido.

23 Ing peprangan kono Raja Yosia kena panah. Banjur dhawuh marang para abdiné supaya disingkiraké saka papan peprangan, merga tatuné banget.

24 Raja Yosia diangkat saka krétané, dielih ing kréta liyané sing ana ing kono, banjur digawa menyang Yérusalèm. Tekan kana panjenenganė séda lan disarèkaké ana ing pesaréané para raja. Rakyat Yéhuda lan Yérusalèm padha nganakaké petangisan.

25 Nabi Yérémia nganggit nyanyian
pesambat nangisi Raja Yosia. Nyanyian
mau tekan saiki dilagokaké déning para
penyanyi Israèl, iya penyanyi lanang,
iya penyanyi wadon, yakuwi saben
dianakaké pèngetan dina sédané Yosia.
Nyanyian mau diklumpukaké dadi siji
karo kidung-kidung pesambat liyané.
26 Riwayaté Yosia liyané, katresnané
marang Allah, pambangun-turuté
marang prenatan-prenatané Pangéran,
27 ringkesé riwayaté kabèh wiwitan
tekan wekasan, kabèh wis ditulis ana
ing Kitab Babadé Para Raja Israèl lan
Yéhuda.

36 1 Rakyat Yéhuda milih Yoahas,
putrané Yosia, lan diangkat dadi
raja ing Yérusalèm, nggentèni ramané.
2 Nalika dadi raja Yéhuda yuswané
Yoahas telulikur taun. Lawasé dadi raja
telung sasi.
3 Yoahas dicekel lan ditawan déning
Néko, raja Mesir, digawa menyang tanah
Mesir. Yéhuda diukum, dikon mbayar
dhendha rupa slaka 3.400 kilogram
lan emas telung puluh papat kilogram.
Néko banjur ngangkat Èlyakim, seduluré
Yoahas, dadi raja. Asmané Èlyakim

dielih déning Néko dadi Yoyakim.
Sawisé mengkono Yoahas nuli diboyong
menyang tanah Mesir.
4 (36:3)
5 Nalika dari raja Yéhuda Yoyakim
yuswa selawé taun. Enggoné dadi raja
ing Yérusalèm lawasé sewelas taun.
Yoyakim gawé dosa ana ing ngarsané
Pangéran Allahé.
6 Nalika Nebukadnésar, raja Babil
nelukaké Yéhuda, Yoyakim dicekel, lan
diboyong nganggo diblenggu menyang
Babil.
7 Barang-barangé Pedalemané Allah
sing pengaji sapérangan digawa
Nebukadnésar menyang Babil, disimpen
ana ing kedhatoné.
8 Riwayaté Yoyakim liyané, penggawéné
sing ambek siya lan piala-pialané, kabèh
katulisan ing Kitab Sejarahé Raja-raja
Israèl lan Yéhuda. Yoyakhin, putrané,
nggentèni dadi raja.
9 Nalika dadi raja Yéhuda Yoyakhin
yuswané wolulas taun. Lawasé dadi raja
ana ing Yérusalèm telung sasi sepuluh
dina. Yoyakhin uga nglampahi dosa ana
ing ngarsané Allah.

10 Nalika taun anyar Yoyakhin ditawan
lan digawa Nebukadnésar menyang
Babil. Lan barang-barangé Pedalemané
Allah sing pengaji katut digawa.
Nebukadnésar banjur ngangkat Zedekia,
sedhèrèké Yoyakhin, dadi raja Yéhuda
ing Yérusalèm.
11 Nalika dadi raja Yéhuda, Zedekia
yuswané selikur taun lan lawasé dadi
raja ing Yérusalèm sewelas taun.
12 Zedekia iya gawé dosa marang Allah.
Panjenengané ora kersa ngasoraké
sariráné ana ing ngarsané Allah lan ora
kersa nurut marang aturé Nabi Yérémia
kang nglantaraké pangandikané Allah.
13 Raja Zedekia dipeksa déning
Nebukadnésar didhawuhi sumpah demi
Allah, yèn selawasé bakal setya. Nanging
sawisé mengkono Zedekia mbrontak
marang Nebukadnésar. Raja Zedekia uga
ora kersa mratobat saka dosa-dosané,
malah mangkotaké penggalihé lan ora
kersa ngabekti ing Pangéran Allahé.
14 Kejaba saka kuwi Pedalemané
Allah sing wis disucèkaké kagem
Allah piyambak, dinajisaké déning para
pemimpin Yéhuda, para imam lan rakyat,
merga padha mèlu nyembah brahala lan

nganut kalakuan sing ditindakaké déning
bangsa-bangsa ing sakiwa-tengené.
15 Pangéran, Allahé para leluhuré wis
bola-bali ndhawuhi utusané ngélikaké
marang umat kagunganė, merga saka
tresnané marang umat mau lan marang
Pedalemané.
16 Nanging para utusané Allah mau
padha dipoyoki. Nabi-nabiné digawé
geguyon lan tembungé ora dirèwès.
Wekasané Allah duka banget nganti ora
kena disirep.
17 Gusti Allah ngosikaké atiné raja Babil
supaya nyerang Yéhuda. Raja Babil
mau nuli matèni wong-wong nom sing
ana ing Yéhuda lan uga sing ana ing
Pedalemané Allah. Wong siji waé ora ana
sing diéman, nom tuwa, lanang wadon,
sing lara utawa sing waras. Kabèh padha
diulungaké déning Allah ing tanganė raja
Babil.
18 Praboté Pedalemané Allah lan
barang-barang sing pengaji, semono
uga bandhané Sang Prabu lan para
punggawané, kabèh dirampas déning
raja mau, banjur digawa menyang tanah
Babil.

19 Témboké kutha Yérusalèm digempur,
kuthané diobong, uga Pedalemané
Allah lan kedhaton saisiné kabèh rupa
barang-barang pengaji sing kèri ana ing
kedhaton mau.
20 Rakyat sing ora dipatèni diboyong
menyang Babil. Ana ing kana padha
didadèkaké batur-tukoné Sang Prabu
lan anak-turuné nganti satekané kraton
Pèrsia.
21 Kaya mengkono kelakon temenan apa
sing dingandikakaké déning Pangéran
lantaran Yérémia, yèn tanah Yéhuda
bakal bera[k] suwéné pitung puluh taun,
minangka liruné taun-taun Sabbat,[l] sing
ora tau ditetepi déning umat Israèl.
22 Ing taun kapisan pepréntahané
Korèsy, raja Pèrsia, Gusti Allah
nindakaké apa sing wis dingandikakaké
lantaran Nabi Yérémia. Panjenengané
ngosikaké Korèsy gawé pengumuman
sing diwacakaké marang rakyat wrata
sanegara kabèh. Surasané mengkéné:

---

[k]bera: siti ingkang mboten dipun garap.

[l]Taun Sabbat: Prenatan wonten ing Torèt bilih saben taun kapitu siti mboten kénging dipun garap (mirsanana Im 25:1-7).

23 "Iki dhawuhé Korèsy, raja Pèrsia! Pangéran, Allah kang kwasa ing swarga sing wis ndadèkaké aku rajaning jagad, wis ndawuhi aku supaya yasa Pedaleman kagem Allah ing Yérusalèm, tanah Yéhuda. Mulané saiki kowé kabèh sing dadi umaté Allah, kudu bali mrana! Muga-muga Allah nunggil karo kowé."

Ezra

1 [1] Nalika Korèsy enggoné jumeneng
raja Pèrsia durung nganti ganep
setaun, Gusti Allah wis ngélingaké
supaya wong-wong padha netepi
pangandikané Allah lantaran Nabi
Yérémia; mula Korèsy ngumumaké
srana lisan lan tulisan marang wong
sanegara kabèh, mengkéné:
[2] "Dhawuhé Korèsy raja Pèrsia
mengkéné, `Gusti Allah ing swarga wis
maringaké sakèhé kraton sajagad iki
marang aku. Aku dikersakaké ngedegaké
Pedaleman kagem Panjenenganè ana ing
kutha Yérusalèm, tanah Yudéa.
[3] Muga-muga Gusti Allah nunggila
karo sapa waé sing dadi umaté.
Wong-wong mau budhala mulih
menyang Yérusalèm, ing tanah Yudéa
lan ngedegna Pedalemané Pangéran,
Allahé Israèl, Allah sing disembah ing
Yérusalèm.
[4] Yèn ana umaté Allah ing manca negara
sing mbutuhaké pitulungan kanggo
lakuné mulih, para tangga-teparoné

wajib padha awèh sokongan. Kudu
padha nguruni slaka lan emas, raja-
brana lan kéwan, apa déné pisungsung
kanggo Pedalemané Allah kang ana ing
Yérusalèm.’"
5 Para penggedhéné taler Yéhuda lan
Bènyamin, para imam lan para wong Lèwi
lan sakèhé wong sing atiné diosikaké
déning Allah mulih menyang Yérusalèm
saprelu ngedegaké Pedalemané Allah,
banjur padha tata-tata arep budhal.
6 Tangga-teparoné banjur padha
nguruni barang-barang saka slaka lan
emas sarta raja-brana lan kéwan, apa
déné barang liya-liyané sing pengaji,
kejaba kuwi iya pisungsung kanggo saos
kurban mana suka.
7 Raja Korèsy iya dhawuh ngetokaké
praboté Pedalemané Allah sing dirampas
déning Nebukadnésar saka Yérusalèm
lan disimpen ana ing papan pamujané
brahala.
8 Korèsy raja Pèrsia dhawuh mbalèkaké
barang-barang mau kabèh. Mitredat,
penggedhéné bendaharané Sang Prabu
nacahaké barang-barang mau kabèh,
banjur dipasrahaké marang Sèsbazar,
penggedhéné Yéhuda.

9 Daftaré barang-barang mau
mengkéné: bokor emas telung puluh,
bokor slaka sèwu, péso sangalikur,
10 tuwung emas telung puluh, tuwung
slaka patang atus sepuluh, lan
barang-barang liyané sèwu iji.
11 Barang-barang emas lan slaka mau
kabèh cacahé limang èwu patang atus.
Kabèh digawa bali Sèsbazar menyang
Yérusalèm, bebarengan karo wong-wong
buwangan sing padha mulih saka Babil.

2 1 Akèh wong Israèl buwangan
mulih saka propinsi Babil, menyang
Yérusalèm lan Yéhuda; saben wong
bali menyang kuthané dhéwé-dhéwé.
Wong-wong mau enggoné dadi wong
buwangan wiwit nalika padha ditawan
déning Nebukadnésar raja Babil.
2 Para pemimpiné wong-wong mau
yakuwi: Zérubabel, Yésua, Néhémia,
Seraya, Reélaya, Mordekhai, Bilsan,
Mispar, Bigwai, Rehum lan Baana.
Daftaré para kulawargané bangsa Israèl
lan cacahé saben kulawarga sing padha
bali saka pembuwangan, mengkéné:
3 Kulawarga Paros — 2.172; Kulawarga
Séfaca — 372; Kulawarga Arah —
775; Kulawarga Pahat-Moab (turuné

Yésua lan Yoab) — 2.812; Kulawarga
Élam — 1.254; Kulawarga Zatu — 945;
Kulawarga Zakai — 760; Kulawarga
Bani — 642; Kulawarga Bébai — 623;
Kulawarga Azgad — 1.222; Kulawarga
Adonikam — 666; Kulawarga Bigwai
— 2.056; Kulawarga Adin — 454;
Kulawarga Atèr, sing iya karan Hizkia —
98; Kulawarga Bèzai — 323; Kulawarga
Yora — 112; Kulawarga Hasum — 223;
Kulawarga Gibar — 95;
4 (2:3)
5 (2:3)
6 (2:3)
7 (2:3)
8 (2:3)
9 (2:3)
10 (2:3)
11 (2:3)
12 (2:3)
13 (2:3)
14 (2:3)
15 (2:3)
16 (2:3)
17 (2:3)
18 (2:3)
19 (2:3)
20 (2:3)

21 Wong-wong sing para leluhuré padha
manggon ing kutha-kutha kasebut
ing ngisor iki, iya padha bali saka ing
pembuwangan; sing manggon ing:
Bètléhèm — 123; Netofa — 56; Anatot
— 128; Azmawèt — 42; Kiryat-Arim,
Kéfira lan Beérot — 743; Rama lan Gaba
— 621; Mikhmas — 122; Bètèl lan Ai —
223; Nébo — 52; Magbis — 156; Élam
sing sijiné— 1.254; Harim — 320; Lod,
Hadid lan Ono — 725; Yérikho — 345;
Sénaa — 3.630;
22 (2:21)
23 (2:21)
24 (2:21)
25 (2:21)
26 (2:21)
27 (2:21)
28 (2:21)
29 (2:21)
30 (2:21)
31 (2:21)
32 (2:21)
33 (2:21)
34 (2:21)
35 (2:21)
36 Daftaré para kulawargané imam
sing bali saka pembuwangan yakuwi:

Kulawarga Yédaya (turuné Yésua)
— 973; Kulawarga Imèr — 1.052;
Kulawarga Pasyhur — 1.247; Kulawarga
Harim — 1.017;
37 (2:36)
38 (2:36)
39 (2:36)
40 Kulawargané taler Lèwi yakuwi:
Kulawargané Yésua lan Kadmièl (turuné
Hodawiah) - 74; Kulawargané para
penyanyi Pedalemané Allah (turuné
Asaf) - 128; Kulawargané sing jaga
Pedalemané Allah, turuné Salum, Atèr,
Akub, Hatita lan Sobai - 139;
41 (2:40)
42 (2:40)
43 Kulawargané para tenaga kasar sing
nyambut-gawé ing Pedalemané Allah,
sing bali saka pembuwangan yakuwi:
Kulawargané Ziha, Hasufa, Tabaot,
Kéros, Siaha, Padon, Lebana, Akub,
Hagab, Samlai, Hanan, Gidèl, Gahar,
Réaya, Rézin, Nékoda, Gazam, Uza,
Paséah, Bésai, Asna, Méunim, Néfusim,
Bakbuk, Hakufa, Harhur, Bazlut, Mehida,
Harsa, Berkos, Siséra, Temah, Néziah,
Hatifa.
44 (2:43)

45 (2:43)
46 (2:43)
47 (2:43)
48 (2:43)
49 (2:43)
50 (2:43)
51 (2:43)
52 (2:43)
53 (2:43)
54 (2:43)
55 Kulawargané para abdiné Suléman
sing bali saka pembuwangan yakuwi:
Kulawarga Sotai, Sofèrèt, Peruda,
Yaala, Darkon, Gidèl, Séfaca, Hatil,
Pokhèrèt-Hazebaim, Ami.
56 (2:55)
57 (2:55)
58 Cacahé wong-wong sing jaga
Pedaleman Allah lan para abdiné
Suléman sing bali saka pembuwangan
392.
59 Sing klebu kulawargané Délaya, Tobia
lan Nékoda sing padha bali saka kutha
Tèl-Mèlah, Tèl-Harsa, Kerub, Adan lan
Amèr nanging ora bisa mbuktèkaké yèn
padha turuné wong Israèl 652.
60 (2:59)

61 Kulawargané imam sing ora bisa
nemu tandha bukti bab leluhuré, yakuwi
Habaya, Hakos, Barzilai. (Leluhuré
kulawarga Barzilai kuwi kawin karo
wong wadon saka kulawarga Barzilai
ing Giléad, banjur nganggo jenengé
maratuwané). Sarèhné ora bisa
mbuktèkaké sapa leluhuré, mulané
wong-wong mau ora dililani nindakaké
pegawéan imam.
62 (2:61)
63 Bupati ing kono mutus yèn wong-
wong mau ora kena mangan saka
kurban suci, nganti ana imam sing bisa
migunakaké Urim lan Tumim.
64 Cacahé wong sing bali saka
pembuwangan kabèh 42.360. Cacahé
batur-tukon lanang lan wadon 7.337.
Tukang ngunèkaké musik lanang wadon
200 Jaran — 736; Bihal — 245; Unta —
435; Kuldi — 6.720;
65 (2:64)
66 (2:64)
67 (2:64)
68 Satekané ing Pedalemané Allah ing
kutha Yérusalèm ana para penggedhéné
kulawarga sing metu saka rilaning atiné
dhéwé ngaturaké sumbangan kanggo

mbangun Pedalemané Allah ana ing
panggonané lawas.
69 Sakèhé barang darbèké sing kena
disaosaké padha disaosaké; sumbangan
mau gunggungé: emas 500 kilogram,
slaka 2.800 kilogram, lan jubah imam
100 iji.
70 Para imam, para wong Lèwi lan
rakyat sawetara padha manggon ing
kutha Yérusalèm lan sakiwa-tengené.
Para penyanyi lan wong-wong sing jaga
gapura sarta para tenaga kasar sing
padha nyambut-gawé ing Pedalemané
Allah iya padha manggon ing kutha-
kuthané leluhuré dhéwé-dhéwé.

3 1 Nalika nyandhak sasi kapitu
wong Israèl wis padha manggon ing
kuthané dhéwé-dhéwé. Wong kabèh mau
padha nglumpuk ing kutha Yérusalèm.
2 Yésua bin Yozadak lan sedulur-
seduluré, para imam, lan Zérubabel
bin Séaltièl lan sedulur-seduluré banjur
padha mbangun mesbèh kagem Allahé
Israèl, kanggo saos kurban obongan
kaya sing katulis ing kitabé Nabi Musa,
abdiné Allah.
3 Mesbèh mau didegaké ana ing
panggonané lawas, senajan satemené

wong-wong sing bali saka pembuwangan
mau padha wedi karo wong-wong ing
tanah kono. Nuli padha nyaosaké kurban
obongan konjuk marang Allah, yakuwi
kurban obongan ésuk lan soré.
4 Lan iya banjur padha netepi prenatan
Riaya Kémah, kaya sing katulis ing Kitab,
lan nyaosaké kurban obongan pedinan
kaya sing diprenata ing Kitab.
5 Lan wiwit dhèk semana dianakaké
kurban sing ajeg, kurban obongan saben
sasi anyar, lan kurban obongan ing dina
riaya sing disucèkaké déning Allah.
Uga ana kurban saka saben wong sing
nyaosaké pisungsung manasuka konjuk
marang Allah.
6 Ing sasi kapitu tanggal kapisan wong
padha nyaosaké kurban obongan konjuk
marang Allah, senajan pondhasiné
Pedalemané Allah durung wiwit digarap.
7 Wong-wong mau banjur padha awèh
dhuwit marang tukang kayu lan tukang
batu; wong Tirus, wong Sidon padha
diwènèhi pangan lan ngombé sarta
lenga, dikon ngirim kayu èrès saka
Libanon menyang Yafo metu segara,
atas palilahé Korèsy, raja Pèrsia.

8 Ing taun kapindho, sasi kapindho
satekané saka pembuwangan, Zérubabel
bin Séaltièl lan Yésua bin Yozadak sarta
sedulur-seduluré liyané, yakuwi para
imam lan wong Lèwi, apa déné wong
kabèh sing teka saka pembuwangan,
banjur padha miwiti mbangun Pedaleman
Allah ing Yérusalèm.
9 Yésua lan anak-anaké, mengkono
uga Kadmièl lan anak-anaké, sarta
wong-wong turuné Hénadad sing padha
ngawasi penggarapé Pedalemané Allah
mau.
10 Nalika pondhasiné Pedalemané Allah
arep wiwit dipasang déning para tukang,
imam-imam nganggo sandhangan
dhines padha teka nggawa slomprèt, lan
wong-wong Lèwi turuné Asaf nggawa
kecèr kanggo memuji marang Allah,
miturut prenatané Dawud, raja Israèl.
11 Banjur padha menyanyi genti-
genti saos puji sokur marang Allah,
"Panjenengané mirah ing sih! Awit
sih-kamirahané langgeng selawasé
tumrap Israèl!" Umat kabèh banjur
padha surak-surak karo memuji marang
Allah klawan sora, merga pondhasiné
Pedalemané Allah wis dipasang.

12 Nanging ing antarané para imam,
wong-wong Lèwi lan para penggedhéné
kulawarga, sarta wong tuwa-tuwa sing
isih menangi Pedaleman Allah sing
dhisik, bareng ndeleng enggoné masang
pondhasiné Pedaleman mau, akèh sing
padha nangis. Wong-wong liyané padha
surak-surak saka bungahé.
13 Nganti ora kena dibédakaké endi
swarané wong sing giyak-giyak merga
bungah, lan endi swarané tangisé wong
akèh, sebab enggoné padha surak-surak
seru banget, nganti keprungu saka
kadohan.

4 1 Bareng mungsuhé wong Yéhuda lan
wong Bènyamin padha krungu yèn
wong-wong sing bali saka pembuwangan
padha mbangun Pedalemané Allah,
2 banjur padha nemoni Zérubabel
lan para penggedhéné kulawarga,
tembungé, "Kula sami klilana tumut
mbangun, margi kula inggih sami
ngabekti dhateng Allah panjenengan,
sami kados panjenengan. Kula inggih
tansah sami nyaosaken kurban dhateng
Allah wiwit jamanipun Ésar-Hadon, raja
Asyur, ingkang mindhah kula mriki."

3 Nanging Zérubabel, Yésua lan para
penggedhéné kulawarga Israèl padha
mangsuli mengkéné, "Pembanguning
Pedalemanipun Allah menika sanès
urusan kita sesarengan. Menika badhé
kula garap piyambak kagem Pangéran,
Allahipun Israèl, kados ingkang
kadhawuhaken déning Korèsy, raja
Pèrsia dhateng kula."
4 Penduduk kono banjur gawé
kendhoning semangaté wong ing
Yéhuda. Wong-wong sing nyambut-gawé
padha diwedèn-wedèni.
5 Malah wiwit sugengé Korèsy nganti
jamané Darius, raja Pèrsia, wong-wong
padha nyogok para penaséhaté Sang
Raja supaya ngalang-alangi niaté wong
Yéhuda lan nggagalaké rancangané.
6 Nalika Akhaswéros lagi waé jumeneng
raja, penduduk kono padha ngaturaké
layang marang Sang Raja, nggugat wong
Yahudi sing padha manggon ing Yéhuda
lan ing kutha Yérusalèm.
7 Ing jamané Artahsasta jumeneng raja
ing Pèrsia, wong-wong mau ngaturaké
layang gugatan menèh. Layang kuwi
ditulis déning Bislam, Mitredat lan Tabeèl

sakancané, panulisé nganggo basa
Aram, dilampiri salinané.
8 Uga bupati Réhum lan Simsai,
penulisé, padha ngaturaké layang
marang Sang Raja Artahsasta,
mengkéné,
9 "Saking Rehum, bupati, lan Simsai,
penulis, sarta para kanca-kancanipun,
para hakim, para pegawé, tiyang Pèrsia,
tiyang-tiyang saking Érèkh, saking Babil
sarta saking Susan,
10 inggih menika tiyang-tiyang Élam lan
bangsa sanès-sanèsipun, ingkang déning
Sang Raja Aspanar Agung ingkang
minulya kapindhah lan kadhawuhan
manggèn ing Samaria sarta ing
tanah-tanah sakilènipun Bengawan
Éfrat."
11 Déné layang sing dikirimaké
mau uniné mengkéné, "Konjuk ing
ngarsanipun Sang Prabu Artahsasta,
saking para kawulanipun, inggih menika
tiyang-tiyang ingkang manggèn ing
daérah sakilènipun Bengawan Éfrat.
12 Ndadosna pamirsanipun Sang Prabu,
bilih tiyang-tiyang Yahudi ingkang
dhateng saking Babil sampun sami
dumugi ing panggènan kawula, ing

kitha Yérusalèm. Samenika saweg
sami mbangun malih kitha ingkang
ndhatengaken piawon menika. Sami
mbangun témbok-témbokipun lan
ndandosi pondhasinipun.
13 Mugi ndadosna ing pamirsanipun
Sang Prabu, bilih samasa kitha menika
sampun dados, tiyang-tiyang menika
mboten badhé mbayar paos, béya,
menapa déné saos bulu-bekti malih,
mila badhé ndadosaken kapitunanipun
para raja.
14 Samenika, ing sarèhné sesambetan
kawula kaliyan Sang Prabu menika saé,
sarta mboten remen ningali Sang Prabu
kapitunan, mila prekawis menika kawula
sumanggakaken ing panjenenganipun
Sang Prabu,
15 supados kawontenaken panitipriksa
ing kitab riwayat kagunganipun para
leluhuripun Sang Prabu. Saking kitab
riwayat menika Sang Prabu badhé
pirsa, bilih kitha menika kebak duraka;
selaminipun tansah damel kapitunanipun
para raja saha daérah-daérah sanèsipun.
Tiyang-tiyang ing ngriku wiwit jaman
rumiyin tansah sami mbaléla. Menika

sebabipun kitha menika ngantos dipun
gempur.
16 Kawula namung ngaturi pirsa
dhateng Sang Prabu, bilih samasa
kitha menika sampun kabangun malih,
sarta témbok-témbokipun sampun
rampung, Sang Prabu badhé kécalan
daérah-daérah sakilènipun Bengawan
Éfrat."
17 Sang Raja banjur paring wangsulan
mengkéné, "Tumekaa marang Rehum,
bupati lan Simsai, penulis sakanca-
kancané, kang manggon ing Samaria lan
ing daérah sakuloné Bengawan Éfrat.
Salam!
18 Layangmu diwacakaké marang aku
lan aku wis ngerti surasané.
19 Aku banjur ndhawuhaké supaya
dianakaké panliti, lan ketitik yèn kutha
mau wiwit biyèn tansah mbaléla marang
raja-raja. Para wargané seneng gawé
kisruh lan mbrontak.
20 Pancèn biyèn ana raja-raja sing
ngerèh Yérusalèm, lan mréntah daérah
sakuloné Éfrat kabèh. Raja-raja mau
padha disaosi pajeg, bulu-bekti lan béya.
21 Mulané saiki préntahana supaya
wong-wong mau padha lèrèna, aja

nganti kutha mau dibangun menèh,
nganti ana dhawuh saka aku.
22 Dingati-ati aja nganti tlédhor. Aja
nganti para raja saya wuwuh kapitunané;
mula padha èstokna!"
23 Sawisé salinané layang saka Raja
Artahsasta mau diwacakaké marang
Rehum lan Simsai, penulisé, sarta kanca-
kancané, banjur énggal-énggal padha
budhal menyang Yérusalèm, nemoni
wong-wong Yahudi. Wong-wong mau
dipeksa lèrèn enggoné nyambut-gawé.
24 Wiwit wektu kuwi pegawéan mbangun
Pedalemané Allah ing Yérusalèm banjur
lèrèn, nganti taun kapindho jumenengé
Darius, raja Pèrsia.

5 1 Nalika semono ana nabi loro,
yakuwi Nabi Hagai lan Zakharia bin
Idho, medhar wangsit atas asmané
Allahé Israèl, marang wong-wong sing
manggon ing Yéhuda lan ing Yérusalèm.
2 Bareng Zérubabel bin Séaltièl lan
Yésua bin Yozadak padha krungu
pidhatoné nabi-nabi mau, banjur padha
nerusaké mbangun Pedalemané Allah.
Déné nabi loro mau iya padha mèlu
mbiyantu.

3 Ora antara suwé Tatnai, bupati
daérah sabrangé Éfrat, bebarengan karo
Syétar-Boznai lan kanca-kancané padha
teka, sarta muni mengkéné, "Sapa
sing préntah marang kowé mbangun
Pedaleman iki lan ngrampungaké
témboké?"
4 Banjur muni menèh mengkéné, "Sapa
jenengé wong sing padha ngedegaké
bangunan iki?"
5 Nanging Allah ngreksa marang para
pemimpiné wong Yahudi, mula para
pegawéné raja Pèrsia ora ndhawuhi lèrèn
enggoné mbangun, nganti prekarané wis
kalapuraké marang Raja Darius lan olèh
wangsulan rupa layang keputusan.
6 Turunané layang sing diaturaké
déning Tatnai, bupati daérah sakuloné
Bengawan Éfrat, bebarengan karo
Syétar-Boznai lan kanca-kancané,
marang Raja Darius mau uniné
mengkéné,
7 "Katur ing ngarsanipun Raja Darius.
Salam kasugengan.
8 Andadosna kauninganipun Sang
Prabu, bilih nalika kawula dhateng
daérah Yéhuda, Pedalemanipun Allah
Ingkang Mahaluhur, menika saweg dipun

bangun, migunakaken séla ageng-ageng sarta témbokipun kalapis mawi kajeng. Penggarapipun kanthi tlatos lan sampun kathah kemajenganipun.
9 Kawula sami takèn dhateng para sesepuhipun mekaten, ‘Sapa sing préntah marang kowé mbangun Pedaleman iki lan ngrampungaké témboké?’
10 Mekaten ugi kawula nakèkaken namanipun para pemimpinipun, supados saged kawula lapuraken dhateng Sang Prabu.
11 Tiyang-tiyang wau sami mangsuli mekaten, ‘Kula menika sami para abdinipun Allah ingkang nitahaken langit lan bumi. Pedaleman menika sampun wonten pinten-pinten taun kepengker, kabangun lan karampungaken déning salah setunggaling raja agung ing Israèl.’
12 Nanging sareng para leluhur kula sami damel dukanipun Allah, lajeng sami kaulungaken dhateng tanganipun Nebukadnésar, raja ing negari Babil; ingkang ngrisak Pedaleman menika bangsa Kasdim. Para leluhur kula lajeng dipun tawan sarta kapindhah dhateng Babil.

13 Nanging ing taun kapisan jamanipun
Korèsy jumeneng raja ing Babil,
panjenenganipun paring dhawuh
supados Pedalemanipun Allah menika
kabangun malih.
14 Mekaten ugi prabotipun Pedaleman
menika rupi emas lan slaka ingkang
kapundhut déning Sang Raja
Nebukadnésar kabekta saking Yérusalèm
dhateng Babil, kapasrahaken wangsul
dhateng tiyang nama Sèsbazar, ingkang
dipun angkat dados bupati,
15 kanthi dhawuh mekaten, ‘Prabot iki
gawanen lan dokokna ing Pedalemané
Allah ing Yérusalèm, lan Pedalemané
Allah karebèn dibangun ana ing tilas
panggonané.’
16 Sesampunipun menika Sèsbazar
lajeng dhateng, masang pondhasinipun
Pedalemanipun Allah ing Yérusalèm.
Wiwit kala semanten ngantos dumugi
samangké Pedalemanipun Allah menika
kagarap, nanging dèrèng rampung!
17 Pramila menawi Sang Prabu dhangan
ing penggalih, mugi kawontenaken
panliti ing gedhong kahartakanipun
Sang Prabu ing Babil, menapa naté
wonten dhawuh saking Raja Korèsy

mbangun Pedalemanipun Allah wonten
ing Yérusalèm wau. Sarta kawula
mugi kaparingana pirsa kadospundi
kersanipun Sang Prabu tumrap prekawis
menika."

6

1 Sawisé mengkono Sang Raja Darius
ndhawuhaké supaya nliti gedhong
perawatan (penyimpenan) raja-branané
kraton ing Babil, panggonané nyimpen
layang-layang keputusané para raja.
2 Ana ing Ahméta, ing bètèngé propinsi
Média, ketemu ana gulungan sing ana
tulisané mengkéné: Serat pèngetan:
3 "Rikala jumenengipun Sang Prabu
Korèsy, ing taun kapisan, Sang Prabu
Korèsy ndhawuhaken préntah mekaten:
Pedalemané Allah ing Yérusalèm iku
kabanguna menèh minangka panggonan
nyaosaké kurban. Pondhasiné kagawéa
kang sentosa. Dhuwuré gedhong
sewidak asta lan ambané sewidak asta.
4 Kudu dipasang watu gedhé-gedhé
telung larik, sing selarik lapis kayu.
Ragadé kajupukna saka kas negara.
5 Mengkono uga praboté Pedalemané
Allah mau, rupa emas lan slaka,
sing biyèn dipundhut déning Sang
Prabu Nebukadnésar saka Pedaleman

ing Yérusalèm kabekta menyang
Babil, iku kudu dibalèkaké ana ing
Pedalemané Allah ing Yérusalèm menèh,
kadokokna ing tilas panggonané, ana ing
Pedalemané Allah!
6 Déné kowé, Tatnai, bupati daérah
sakuloné Éfrat, lan Syétar-Boznai sarta
kanca-kancamu, para pegawé daérah
sakuloné Éfrat, kowé aja ngaru-biru.
7 Penggarapé Pedalemané Allah iku
togna waé. Bupati lan para pinituwané
wong Yahudi dhéwé karebèn mbangun
Pedalemané Allah mau ana ing tilas
panggonané lawas.
8 Kejaba kuwi aku iya wis paring dhawuh
bab apa kang prelu koktindakaké tumrap
para pinituwané wong Yahudi kang
nggarap Pedalemané Allah, yaiku kowé
kudu mbayar ragadé pembanguné
Pedaleman marang wong-wong mau
saka pengasilané negara, saka bulu-
bektiné daérah Kulon Éfrat; enggonmu
mènèhaké ragadé kudu tlesih lan ora
kena kasèp.
9 Apa sing dibutuhaké rupa sapi lanang
nom, wedhus gèmbèl lanang nom,
cempé kanggo saos kurban obongan
konjuk marang Allahé langit lan bumi.

Semono uga gandum, uyah, anggur lan
lenga, manut pituduhé para imam sing
ana ing Yérusalèm, kabèh mau kudu
diwènèhi ajeg saben dina, ora kena lali,
10 supaya wong-wong mau tansah
bisa saos kurban kang gawé renaning
penggalihé Allahé langit lan bumi sarta
ndongakaké kasugengané Sang Prabu
lan para putrané.
11 Kejaba kuwi aku wis paring dhawuh,
supaya saben wong sing nglirwakaké
keputusan iki, cagaké omahé bakal
dibedhol siji, digawé sujèn kanggo
nyunduki wong mau. Omahé wong mau
karubuhna merga saka paneraké.
12 Allah kang dedalem ana ing kana
muga ngrubuhaké saben raja lan saben
bangsa, sing mbaléla nedya mbatalaké
keputusan iki lan ngrusak Pedalemané
Allah ing Yérusalèm. Aku, Darius, kang
ndhawuhaké préntah iki. Poma padha
èstokna sing temenan!"
13 Tatnai, bupati daérah Kulon Éfrat,
Syétar-Boznai lan kanca-kancané padha
nglakoni kanthi ngati-ati apa sing
didhawuhaké déning Sang Raja Darius.
14 Para pinituwané wong Yahudi padha
nerusaké mbangun kanthi cékat-cèket,

merga saka dhawuhé Nabi Hagai lan Nabi
Zakharia bin Idho, sing padha medharaké
wangsité Pangéran. Mengkono enggoné
padha ngrampungaké pembanguning
Pedalemané Allah, atas saka dhawuhé
Pangéran Allahé Israèl lan préntahé
Korèsy, Darius lan Artahsasta, raja-raja
Pèrsia.
15 Nalika tanggal telu sasi Adar (sasi
katelu) penggarapé Pedalemané Allah
rampung kabèh, yakuwi ing taun kaping
nem jamané Darius jumeneng raja.
16 Wong Israèl, para imam, wong
Lèwi lan wong liya-liyané sing bali
saka pembuwangan banjur padha
ngresmèkaké Pedalemané Allah klawan
bungah.
17 Kanggo ngresmèkaké Pedalemané
Allah mau wong Israèl padha saos
kurban rupa sapi lanang satus, wedhus
gèmbèl lanang 200, cempé wedhus
gèmbèl 400, iya wedhus lanang kanggo
kurban pangruwating dosa tumrap wong
Israèl kabèh, cacahé rolas manut cacahé
taler Israèl.
18 Para imam banjur diresmèkaké
miturut golongané, semono uga wong
Lèwi miturut kulawargané supaya

padha nindakaké pegawéané ana ing
Pedalemané Allah ing Yérusalèm, kaya
kang katulis ana ing Kitabé Musa.
19 Nalika tanggal ping patbelas sasi
kapisan wong-wong sing bali saka
pembuwangan padha ngriayakaké
Paskah.
20 Para imam lan wong Lèwi wis
padha sesuci bebarengan, mulané kena
nyembelèh cempéné Paskah kanggo
wong sing bali saka pembuwangan sarta
kanggo sedulur-seduluré, yakuwi para
imam lan kanggo awaké dhéwé.
21 Wong Israèl kabèh banjur padha
mangan Paskah, mengkono uga saben
wong sing wis padha ninggal tata-carané
wong pribumi sarta mèlu nyembah
marang Pangéran, Allahé wong Israèl.
22 Nuli padha netepi Riaya Pésta Roti
Tanpa Ragi lawasé pitung dina olèhé
padha bungah-bungah, merga wis
diparingi longgar déning Allah. Gusti
Allah wis nelukaké atiné raja ing Asyur,
mula Sang Raja mbiyantu wong Israèl
mbangun Pedalemané Allah, Allahé
Israèl.
7 1 Sawetara taun sawisé lelakon
mau, nalika jamané Artahsasta

jumeneng raja ing tanah Pèrsia, ana wong jenengé Ézra, turuné Imam Agung Harun. Sarasilahé Ézra mau mengkéné: Ézra kuwi anaké Seraya; Seraya anaké Azarya, Azarya anaké Hilkia, Hilkia anaké Salum, Salum anaké Zadok, Zadok anaké Ahitub, Ahitub anaké Amarya, Amarya anaké Azarya, Azarya anaké Merayot, Merayot anaké Zerahya, Zerahya anaké Amarya, Amarya anaké Uzi, Uzi anaké Buki, Buki anaké Abisua, Abisua anaké Pinéhas, Pinéhas anaké Èléazar, Èléazar anaké Harun, sing jumeneng Imam Agung.
2 (7:1)
3 (7:1)
4 (7:1)
5 (7:1)
6 Ézra budhal ninggal Babil. Panjenengané ahli kitab, mumpuni bab Torèté Musa, sing diparingaké déning Pangéran, Allahé Israèl. Sarèhné kaayoman déning astané Allah, mula apa sapanyuwuné Ézra marang Sang Raja disembadani kabèh.
7 Bareng karo Ézra mau ana golongané wong Israèl sawetara sing padha mèlu bali menyang Yérusalèm, semono uga

ana imam, wong Lèwi, penyanyi, tukang
jaga gapura lan tenaga kasar sing
nyambut-gawé ana ing Pedalemané
Allah. Enggoné padha budhal mau
nalika taun kapitu jamané Artahsasta
jumeneng raja.
8 Olèhé mangkat saka Babil tanggal
siji sasi kapisan, lan merga saka
pangayomané Pangéran, tekan
Yérusalèm tanggal siji sasi kalima.
9 (7:8)
10 Ézra mau uripé ditanjakaké kanggo
nyinau Torèté Allah, sarta kanggo
mulangaké prenatan lan sarak-saraké
agama marang wong Israèl.
11 Artahsasta maringaké turunan layang
marang Ézra, yakuwi imam lan ulama
(ahli kitab) kang akèh kawruhé bab
angger-angger lan prenatané Gusti Allah
kanggo wong Israèl. Surasané layang
mau mengkéné:
12 "Saka Sang Raja Artahsasta, tumekaa
marang Ézra, imam lan ahli Torèté Allah
kang ana ing swarga."
13 "Aku ndhawuhaké préntah kanggo
sawilayah jajahaning kratonku kabèh;
sakèhé wong Israèl kang ana ing
kratonku, iya imam utawa wong Lèwi,

kang kepéngin mèlu kowé bali menyang
Yérusalèm, daklilani.
14 Aku lan para penaséhatku pitu,
ngutus kowé niti kaanané Yérusalèm lan
Yéhuda, apa Torèté Pangéran Allahmu,
kang kapasrahaké marang kowé, padha
dièstokaké.
15 Slaka lan emas saosanku lan para
penaséhatku marang Allahé wong Israèl,
kang dedalem ana ing Yérusalèm,
gawanen pisan.
16 Semono uga slaka lan emas
enggonmu nglumpukaké saka propinsi-
propinsi ing Babil lan apa sing disaosaké
déning wong Israèl lan para imamé
kanggo Pedalemané Allah, cangkingen
pisan.
17 Dhuwit mau tanjakna klawan ngati-
ati kanggo tuku sapi lanang, wedhus
jawa lan wedhus gèmbèl, gandum lan
anggur kanggo saos kurban ing mesbèhé
Pangéran Allah ing Yérusalèm.
18 Sisané slaka lan emas kuwi tanjakna
kanggo nyukupi apa sing padha
kokanggep prelu miturut kersané
Allahmu.
19 Mungguh piranti-piranti sing wis
kapasrahaké marang kowé kanggo leladi

ing Pedalemané Allah, padha saosna
sapepaké ana ing ngarsané Allah ing
Yérusalèm.
20 Sepira kekurangané bayaren,
jupukna saka kas kagungané Sang
Prabu.
21 Aku, Artahsasta, dhawuh marang
sakèhé penggedhéné kahartakan
propinsi-propinsi ing sakuloné Bengawan
Éfrat supaya énggal-énggal nyepaki apa
sing dibutuhaké Ézra, imam lan ahli
Torèté Allah kang ana ing swarga,
22 kang rupa slaka nganti 3.400
kilogram, gandum 10.000 kilogram,
anggur 2.000 liter, lenga zaitun
2.000 liter, lan uyah sepira waé sing
dibutuhaké.
23 Apa waé kang dikarsakaké déning
Allahing swarga kagem Pedalemané
cepakna, supaya Panjenengané ora
duka marang aku utawa marang sing
nggentèni aku.
24 Poma kowé aja narik pajeg utawa
béya saka para imam, para wong Lèwi,
para penyanyi, para juru jaga gapura,
para buruh kasar lan sedhéngah wong
sing padha leladi ing Pedalemané Allah.

25 Wusana kowé, Ézra, klawan
kawicaksanan peparingé Allahmu
marang kowé, ngedegna pepréntahan
lan ngangkata hakim kang padha
ngadili rakyat ing sakuloné Bengawan
Éfrat, sing padha tundhuk karo
Torèté Allahmu. Déné sapa sing ora
ngerti angger-anggeré Allahmu, kudu
kokwulang.
26 Sapa wong sing ora ngèstokaké
angger-anggeré Allahmu, supaya
énggal-énggal diadili lan diukum, apa
diukum pati, dibuwang, didhendha,
utawa dikunjara."
27 Pangucapé Ézra, "Pinujia Pangéran,
Allahé leluhur kita, kang kersa maringi
kawicaksanan ana ing penggalihé Sang
Prabu, nganti panjenengané gawé
asriné Pedalemané Allah kang ana ing
Yérusalèm.
28 Merga saka sih-kamirahané Allah
aku olèh sihé Sang Prabu lan para
penaséhaté, sarta bisa ngrembugi
penggedhéné taler-taleré Israèl, nganti
padha gelem mèlu aku budhal bali
menyang Yérusalèm."

8 1 Iki daftaré para penggedhéné
kulawarga sing padha mèlu budhal

karo aku saka pembuwangan ing Babil,
menyang Yérusalèm, jamané Artahsasta
jumeneng raja.
2 Saka turuné Pinéhas: Gérsom; saka
turuné Itamar: Dhanièl; saka turuné
Dawud: Hatus bin Sekhanya; saka
turuné Paros: Zakharia, lan bareng
karo wong-wong kuwi ana wong satus
sèket sing kecathet ana ing sarasilah.
Saka turuné Pahat-Moab: Èlyoénai bin
Zerahya, lan kejaba kuwi ana wong
lanang rong atus. Saka turuné Zatu:
Sekhanya bin Yahazièl lan bebarengan
karo wong lanang telung atus; saka
turuné Adin: Èbèd bin Yonatan lan
karo wong lanang sèket; saka turuné
Élam: Yésaya bin Atalya bareng karo
wong lanang pitung puluh; saka turuné
Séfaca: Zebaya bin Mikhaèl, bareng karo
wong lanang wolung puluh; saka turuné
Yoab: Obaja bin Yehièl, bebarengan karo
wong lanang rong atus wolulas; saka
turuné Bani: Sélomit bin Yosifya, bareng
karo wong satus sewidak; saka turuné
Bébai: Zakharia bin Bébai, bebarengan
karo wong lanang wolulikur; saka
turuné Azgad: Yohanan bin Hakatan,
bareng karo wong lanang satus sepuluh;

saka turuné Adonikam: sing tekané
kèri, jeneng-jenengé Èlifèlèt, Yehièl
lan Semaya, bareng karo wong lanang
sewidak; saka turuné Bigwai: Utai lan
Zabud bebarengan karo wong lanang
pitung puluh.
3 (8:2)
4 (8:2)
5 (8:2)
6 (8:2)
7 (8:2)
8 (8:2)
9 (8:2)
10 (8:2)
11 (8:2)
12 (8:2)
13 (8:2)
14 (8:2)
15 Wong mau padha dakklumpukaké
ana ing pinggiré kali sing anjog ing kutha
Ahawa, banjur padha masang kémah
ana ing kono, suwéné telung dina.
Bareng daktliti, ing antarané wong-wong
mau akèh imamé, nanging ora ana
wongé Lèwi.
16 Mulané aku banjur kongkonan Élièzer,
Arièl, Semaya, Èlnatan, Yarib, Èlnatan,
Natan, Zakharia lan Mesulam, kabèh

padha penggedhé, apa déné Yoyarib
lan Èlnatan, para guru, padha dakkon
nemoni Idho,
17 penggedhéné kulawargané sing ana
ing Kasifya kono. Idho lan sedulur-
seduluré dakjaluki tulung nggolèkaké
wong-wong Netinim, yakuwi tenaga
kasar sing ngladèni ana ing Pedalemané
Allah.
18 Merga saka kamirahané Allah aku
dikirimi wong-wong sing gathèkan,
saka kulawargané Mahli, Sèrèbya
saanak-anaké lan saseduluré, gunggung
wong wolulas.
19 Semono uga Hasabya lan Yésaya
saka bani Mérari saanak-anaké lan
sedulur-seduluré, gunggung wong rong
puluh.
20 Kejaba kuwi isih ana menèh wong
220, tenaga kasar turuné wong-wong
sing biyèn déning Raja Dawud lan
para pegawéné dipasrahaké marang
wong-wong Lèwi kanggo ngladèni
pegawéan ing Pedalemané Allah. Wong
mau kabèh jenengé dicathet siji-siji.
21 Aku banjur ngumumaké pasa
ana ing pinggiré Kali Ahawa kono,
supaya aku padha andhap-asor ana ing

ngarsané Allah sarta nyuwun supaya
laku kita dituntun sarta anak-anak
dalah barang darbèk kita direksa déning
Panjenenganè.
22 Awit aku isin nyuwun tentara
utawa bala jaranan marang Sang
Prabu kanggo ngreksa lan ngadhepi
mungsuh-mungsuh ing sedalan-dalan.
Merga aku wis matur marang Sang
Prabu mengkéné, "Allah kawula ngayomi
dhateng sedaya tiyang ingkang pitados
dhateng Panjenenganipun, nanging
sakathahing tiyang ingkang nyingkur
Panjenenganipun menika sami dipun
lawan déning pangwaosipun lan
bebendunipun."
23 Mulané aku banjur padha pasa sarta
nyenyuwun mengkono mau marang
Allah kita. Mangka Panjenenganè
nyembadani apa kang daksuwun.
24 Aku banjur milih saka antarané
pengareping imam wong rolas, yakuwi
Sèrèbya, Hasabya lan wong sepuluh
liyané.
25 Aku banjur nimbang slaka lan emas,
sarta piranti-piranti kanggo Pedalemané
Allah kita, saka Sang Prabu lan para
penaséhaté sarta para punggawané, apa

déné para wong Israèl sing ana ing kono.
Barang-barang mau dakpasrahaké para
imam, yakuwi:
26 slaka 22 ton, barang-barang saka
slaka 70 kilogram, emas 3.400 kilogram,
mangkok saka emas 8,4 kilogram,
mangkok saka prunggu alus, sing regané
padha karo mangkok sing kagawé saka
emas, cacahé loro.
27 (8:26)
28 Tembungku karo wong-wong mau,
"Kowé kuwi dadi wong sing dipilih déning
Pangéran, Allahé para leluhurmu. Piranti
iki kabèh dadi barang sengkeran sumaos
marang Allah, merga barang-barang
saka slaka lan emas iki pisungsung mana
suka konjuk marang Pangéran, Allahé
leluhurmu.
29 Simpenen lan reksanen nganti tekan
Pedalemané Allah lan timbangen ana ing
ngarepé para pengareping imam, sarta
wong-wong Lèwi lan para penggedhé
kulawarga-kulawargané Israèl ana ing
Yérusalèm, ing gedhong-gedhongé
Pedalemané Allah."
30 Para imam lan wong Lèwi banjur
padha nampani slaka lan emas sarta
piranti-piranti sing wis ketimbang mau,

bakal kagawa menyang Yérusalèm, ing
Pedalemané Allah kita.
31 Sawisé mengkono banjur padha
mangkat saka pinggiré Kali Ahawa,
nalika sasi kapisan tanggal ping rolas,
menyang Yérusalèm. Ing sadalan-
dalan astané Allah ngayomi kita saka
serangané mungsuh lan bégal.
32 Satekané ing Yérusalèm kita banjur
padha lèrèn ana ing kono telung dina.
33 Ing dina kapaté slaka lan emas,
sarta piranti-piranti mau banjur padha
ditimbang ana ing Pedalemané Allah kita,
kapasrahaké marang Imam Marémot bin
Uria. Imam mau dibantu déning Èléazar
bin Pinéhas lan wong Lèwi loro, yakuwi
Yozabad bin Yésua lan Noaya bin Binui.
34 Barang-barang kabèh mau diétung
lan ditimbang menèh, sarta dicatheti.
35 Wong-wong sing bali saka
pembuwangan mau nuli padha
saos kurban obongan konjuk marang
Pangéran, Allahé Israèl, rupa: sapi 12
kanggo bangsa Israèl kabèh; wedhus
gèmbèl lanang 96; cempé wedhus
gèmbèl 77; wedhus jawa lanang
minangka kurban pangruwating dosa

12; kabèh mau dadi kurban obongan
konjuk marang Allah.
36 Layang keputusané Sang Prabu
iya banjur dipasrahaké para raja lan
wakil-wakilé, yakuwi para bupati sing
ngerèh daérah sakuloné Bengawan Éfrat.
Wong-wong mau kabèh iya banjur padha
mbantu apa sing dadi kekuranganė umat
lan Pedalemané Allah.

9 1 Sawisé lelakon kuwi mau para
penggedhé nuli nekani aku, padha
kandha mengkéné, "Umat Israèl, para
imam lan tiyang Lèwi mergi nglampahi
pendamel nistha, tumindakipun sami
kaliyan tiyang-tiyang ing tanah ngriki,
kadosta tiyang Hèt, tiyang Fèris, tiyang
Yébus, tiyang Amon, tiyang Moab, tiyang
Mesir tuwin tiyang Amiri.
2 Sami mendhet sémah tiyang-tiyang
èstri saking bangsa-bangsa wau sarta
ugi kanggé anak-anakipun. Mila wiji
ingkang suci campur kaliyan para bangsa
ing tanah ngriki, malah ingkang miwiti
nglampahi nerak mekaten menika para
pengageng lan para pemimpin."
3 Bareng krungu mengkono mau, aku
banjur nyuwèk klambiku rangkepan
lan jubahku, sarta njabuti rambutku

lan jénggotku, karo ndhéprok lan
dheleg-dheleg saka sedhihku.
4 Para wong sing padha ndredheg
merga wedi karo pangandikané Allah
krana dosa sing dilakoni wong-wong
sing padha bali saka pembuwangan,
padha nglumpuk ana ing ngarepku. Aku
isih tetep ndhéprok dheleg-dheleg saka
sedhihku, nganti tekan wayahé saos
kurban soré.
5 Bareng wayahé saos kurban aku
banjur ngadeg saka papan kono.
Klambiku rangkepan lan jubahku isih
suwèk. Aku banjur jèngkèng karo
ngangkat tanganku matur Pangéran,
Allahku, unjukku,
6 "Dhuh Allah kawula! Kawula isin
sanget saupami ngantosa nyawang
dhateng Paduka, Allah kawula. Mergi
dosa kawula menika tumpuk-tumpuk
ngantos sundhul ing langit.
7 Enggèn kawula nandhang kalepatan
ageng wiwit nalika jamanipun para
leluhur kawula ngantos dumugi dinten
menika. Inggih krana saking dosa
kawula, kawula sami kaulungaken
dhateng tanganipun para raja ing tanah
manca. Inggih kawula saha para raja

kawula saha para imam kawula sami
dipun pejahi srana pedhang, dipun bucal
ing negari manca, dipun jarah-rayah,
ngantos sami nandhang wirang, inggih
kados kawontenan kula ing dinten
menika.
8 Samenika, nembé kémawon kawula
sami ngalami sih-kamirahanipun
Pangéran, Allah kawula. Saking
antawisipun tiyang-tiyang ingkang
pembuwangan, kawula sami kaparingan
pengasoan wonten ing panggènan suci
menika. Paduka sampun maringi gesang
énggal.
9 Kawula menika réncang tumbasan,
nanging Paduka mboten négakaken
kawula. Kawula Paduka angsalaken
sih saking raja-raja ing negari Pèrsia,
ngantos kawula sami lestantun gesang
saha angsal palilah mbangun malih
Pedalemanipun Allah kawula, ingkang
suwau sampun dados jugrugan. Malah
kawula saged gesang kanthi tentrem
wonten ing tanah Yéhuda kaliyan ing
Yérusalèm.
10 Nanging samenika, dhuh Allah,
menapa ingkang saged kawula
unjukaken sesampunipun lelampahan

menika sedaya? Kawula sampun ngantos
nglirwakaken malih dhateng dhawuh
Paduka,
11 ingkang sampun Paduka paringaken
lantaran para abdi Paduka, para nabi,
ingkang suraosipun, ‛Tanah kang
kokparani lan arep kokdarbèni iku tanah
kang najis, krana saka pratingkahé
para bangsa kang manggon ing kono.
Iya krana saka pratingkahé sing rusuh,
nistha, tanah iki wis najis kabèh saka
tapel watesé ing sisih kéné tekan tapel
watesé sing sisih kana.’
12 Kawula sami dipun weling supados
sampun ngantos nyukakaken anak-anak
kawula èstri dhateng anakipun jaler
bangsa menika, lan sampun ngantos
mendhet anak èstrinipun kaangsalaken
anak jaler kawula. Mekaten ugi
kawula sampun ngantos ngangkah
piyambakipun angsal kabegjan lan
katentreman ing selami-laminipun.
Menika sedaya supados kawula dadosa
rosa sarta pamedalipun siti ingkang
saé, sarta marisaken siti menika
dhateng anak-putu kawula langgeng ing
selaminipun.

13 Kawula sampun kedhatengan
samukawis sedaya ingkang mergi saking
piawon saha kalepatan kawula ingkang
ageng. Paukuman Paduka, dhuh Allah
kawula, mboten ngantos ngimbangi
awratipun dosa kawula; malah kawula
taksih sami Paduka paringi kanca
semanten kathahipun.
14 Menapa kawula lajeng sami badhé
nerak dhawuh Paduka malih srana
bebésanan kaliyan para bangsa ingkang
lampahipun awon menika? Menawi
mekaten, kawula mesthi sami Paduka
ukum ngantos tumpes tapis, ngantos
mboten wonten ingkang kantun
setunggal-tunggala ingkang oncat.
15 Dhuh Pangéran, Allahipun Israèl!
Paduka menika adil, awit kawula ingkang
sami kantun menika taksih Paduka
parengaken gesang, kados kawontenan
kawula samangké. Samangké kawula
sami marek sowan ing ngarsa Paduka
kalayan ngakeni kalepatan kawula.
Kawula èstunipun mboten pantes sowan
ing ngarsa Paduka."
10 1 Sasuwéné Ézra ndedonga lan
nlangsa karo nangis sarta nggloso
ana ing ngarepé Pedalemané Allah mau,

banjur ana wong Israèl akèh padha
nglumpuk ing ngarepé; wong lanang,
wadon, karo bocah-bocah, padha nangis
seru.
2 Sekhanya bin Yehièl, turuné Élam,
banjur matur marang Ézra mengkéné,
"Kula ngakeni sampun sami nglampahi
dosa dhateng Gusti Allah, mergi sami
émah-émah kaliyan tiyang sanès
bangsa, inggih menika bangsa ing tanah
ngriki. Éwasemanten ing samangké
inggih taksih wonten pengajeng-ajeng.
3 Sumangga samenika kita damel
prejanjian kaliyan Gusti Allah. Kita
badhé nundhung tiyang-tiyang èstri
menika sedaya saanak-anakipun
miturut pamrayogi panjenengan, saha
rembagipun para sedhèrèk ingkang sami
ajrih kaliyan angger-anggeripun Allah
kita; kajengipun sedhèrèk-sedhèrèk
menika tumindak miturut angger-angger.
4 Sumangga panjenengan jumeneng,
sebab prekawis menika dados tugas
panjenengan. Kula sami badhé mbiyantu
panjenengan. Penggalih panjenengan
ingkang panggah kémawon, sarta
tumunten tumindaka."

5 Ézra banjur ngadeg, para pengarepé
imam, wong Lèwi lan umat Israèl kabèh
padha dikon sumpah, yèn bakal padha
nglakoni apa sing diusulaké déning
Sekhanya mau. Wong kabèh iya banjur
padha sumpah.
6 Sawisé metu saka plataranè
Pedalemané Allah, Ézra banjur mlebu
ing omahé Yohanan bin Èlyasib lan
nginep ana ing kono, ora mangan roti lan
ngombé, merga isih sedhih ngrasakaké
paneraké para wong sing bali saka
pembuwangan mau.
7 Ing Yéhuda lan ing Yérusalèm banjur
dianakaké pengumuman kanggo wong
kabèh sing bali saka pembuwangan,
supaya padha nglumpuk ing Yérusalèm.
8 Sapa sing sajroné telung dina ora teka,
miturut keputusané para penggedhé
lan para pinituwa, sabarang darbèké
bakal dirampas, lan wongé dhéwé bakal
kapisah karo para wong sing bali saka
pembuwangan.
9 Sakèhé wong lanang ing tanah Yéhuda
lan Bènyamin banjur padha nglumpuk
menyang Yérusalèm sajroné telung dina.
Kelakoné kuwi mau nalika sasi kasanga,
tanggal rong puluh. Wong akèh padha

lungguh ana ing plataran Pedalemané
Allah. Kabèh padha ndredheg merga
saka lelakon mau lan merga saka deresé
udan.
10 Imam Ézra banjur ngadeg lan kandha
mengkéné, "Kowé wis padha gawé
dosa, merga padha kawin karo wong
liya bangsa, nganti muwuhi kaluputané
Israèl.
11 Mulané saiki kowé padha nlangsaa
ana ing ngarsané Pangéran, Allahé para
leluhurmu, lan padha nglakonana apa
sing dadi kersané. Padha pisaha karo
wong bangsa kéné lan karo wong wadon
liya bangsa kuwi."
12 Wong sapasamuwan kabèh banjur
padha mangsuli seru, "Inggih prayogi.
Kula wajib sami nglampahi kados
pangandika panjenengan.
13 Nanging tiyangipun kathah, mangka
saweg mangsa jawah, mila tiyang
sami mboten betah ngadeg wonten
ing njawi ngriki. Kejawi saking menika
pedamelan menika mboten badhé saged
rampung sedinten kalih dinten. Mergi ing
antawis kula kathah tiyang ingkang sami
nglampahi panerak menika.

14 Prayoginipun para pengageng
kula kémawon makili kula sedaya.
Kajengipun tiyang-tiyang ingkang émah-
émah kaliyan sanès bangsa menika
kasowanaken ing wekdal ingkang
katemtokaken. Tiyang-tiyang wau
kairida déning para sepuh-sepuhipun
daérah piyambak-piyambak, kaliyan
para hakimipun, supados srana mekaten
paukumanipun Allah ingkang mergi
saking prekawis menika kasingkiraken
saking kula sedaya."
15 Mung Yonatan bin Asaèl lan Yahzéya
bin Tikwa sing ora setuju karo rembug
mau, dibiyantu Mesulam karo Sabbetai,
wong Lèwi.
16 Nanging wong-wong liyané sing
mentas teka saka pembuwangan
padha bisa nampa. Imam Ézra banjur
milih wong sawetara, yakuwi para
penggedhéné kulawarga; saben
penggedhé makili kulawargané dhéwé-
dhéwé. Jenengé penggedhé siji-sijiné
dicathet. Enggoné padha mriksa prekara
mau ing dina kapisan, sasi ping sepuluh.
17 Sarupané urusan sing magepokan
bab kawin karo wong liya bangsa mau

rampung nalika tanggal kapisan sasi
kang kapisan.
18 Iki daftaré wong-wong sing padha
kawin karo wong wadon liya bangsa:
Para imam, miturut kulawarganė:
Kulawargané Yésua lan sedulur-
seduluré, turuné Yozadak: Maaséya,
Élièzer, Yarib lan Gedalya.
19 Padha janji arep megat bojoné, lan
ngurbanaké wedhus jawa minangka
pangruwating dosané.
20 Kulawargané Imèr: Hanani lan
Zebaya.
21 Kulawargané Harim: Maaséya, Élia,
Semaya, Yehièl lan Uzia.
22 Lan saka wong Pasyhur: Èlyoenai,
Maaséya, Nétanéèl, Yozabad lan Élasa.
23 Saka wong-wong Lèwi: Yozabad,
Simèi, Kélaya (yakuwi Kelita), Pétahya,
Yéhuda lan Élièzer.
24 Saka para penyanyi: Èlyasib. Saka
para juru tunggu gapura: Salum, Tèlèm
lan Uri.
25 Saka wong Israèl liya-liyané: Saka
turuné Paros: Ramya, Yézia, Halka,
Minyamin, Èléazar, Malkia lan Benaya.
26 Saka turuné Élam: Matanya,
Zakharia, Yehièl, Abdi, Yérémot lan Élia.

27 Saka turuné Zatu: Èlyoènai, Èlyasib,
Mattanya, Yérémot, Zabad lan Aziza.
28 Saka turuné Bébai: Yohanan,
Hananya, Zabai lan Altai.
29 Saka turuné Bani: Mesulam, Malukh,
Adaya, Yasub, Séal lan Yéramot.
30 Saka turuné Pahat-Moab: Adna
lan Kelal, Benaya, Maaséya, Matania,
Bézaleèl, Binui lan Manasyè.
31 Saka turuné Harim: Élièzer, Yisia,
Malkia, Semaya, Siméon, Bènyamin,
Malukh, lan Semarya.
32 (10:31)
33 Saka turuné Hasum: Matnai, Matata,
Zabad, Èlifèlèt, Yérémai, Manasyè lan
Simèi.
34 Saka turuné Bani: Maadai, Amran,
Uel, Benaya, Bedeya, Keluhu, Wanya,
Merémot, Èlyasib, Matanya, Matnai,
Yaasai.
35 (10:34)
36 (10:34)
37 (10:34)
38 Saka turuné Binui: Simèi, Selèmya,
Natan, Adaya, Makhnadbai, Sasai, Sarai,
Azreèl, Selèmya, Semarya, Salum,
Amarya lan Yusuf.
39 (10:38)

40 (10:38)
41 (10:38)
42 (10:38)
43 Saka turuné Nébo: Yeièl, Matica,
Zabad, Zebina, Yadai, Yoèl lan Benaya.
44 Kuwi kabèh wong sing kawin karo
wong wadon liya bangsa; mulané
bojoné padha dipegat lan dikon lunga
saanak-anaké.

Nehemia

1 [1] Iki lapurané Néhémia bin Hakalya
bab pegawéané: Nalika sasi Kislèw,
taun kaping rong puluhé pepréntahané
Artahsasta, raja ing Pèrsia. Aku,
Néhémia ana ing Susan.
[2] Nalika semono, sedulurku Hanani teka
saka Yéhuda karo wong sawetara. Banjur
daktakoni bab kaananané Yérusalèm lan
wong-wong Yahudi sing wis bali saka
pembuwangan ing Babil.
[3] Banjur padha nyritakaké kaananané
wong-wong sing bali saka pembuwangan
mau, yakuwi satekané ing tanah
kelairané. Uripé sengsara, merga padha
dianggep asor déning bangsa-bangsa
manca sing ana ing kiwa-tengené. Apa
menèh, témbok-témboké Yérusalèm
padha jugrug lan lawang-lawanging
gapurané durung didandani, wiwit nalika
diobong dhèk jaman semana.
[4] Krungu kabar mengkono mau aku
lungguh karo nangis. Pirang-pirang dina
lawasé atiku sedhih. Aku banjur pasa
karo ndedonga marang Allah,

5 "Dhuh Allah ratuning swarga. Paduka
menika Allah Ingkang Mahaluhur. Sowan
kawula kalayan manah ingkang ajrih.
Paduka tetep ngasihi sarta setya ing
janji Paduka dhateng tiyang ingkang
asih dhateng Paduka lan mbangun-turut
dhateng dhawuh-dhawuh Paduka.
6 Mugi Paduka kersa mirsani kawula,
lan miyarsakaken pandonga ingkang
kawula aturaken ing ngarsa Paduka
rinten lan dalu, kanggé umat Israèl,
abdi Paduka. Kawula ngakeni bilih umat
Paduka Israèl sampun sami nglampahi
dosa. Ugi kawula piyambak lan para
leluhur kawula sampun sami nglampahi
dosa.
7 Kawula sampun sami nyingkur
dhateng Paduka lan nerak dhawuh-
dhawuh Paduka.
8 Dhuh Allah, mugi kersa ngèngeti
pangandika-pangandika Paduka, ingkang
Paduka dhawuhaken lantaran Musa,
bilih samasa kawula, umat Israèl
mboten setya dhateng Paduka, kawula
badhé sami kasebar ing antawisipun
bangsa-bangsa sanès.
9 Nanging samasa kawula sami
wangsul malih lan mbangun-turut

dhateng Paduka, kawula ingkang
sampun Paduka sebar wau badhé
Paduka klempakaken malih, senajan
kawula sami pating prenca wonten
ing salumahing bumi. Kawula lajeng
badhé Paduka wangsulaken dhateng
panggènan ingkang sampun Paduka
pilih dados papan pangibadah dhateng
Paduka.
10 Dhuh Allah, kawula menika para abdi
Paduka, inggih umat kagungan Paduka
piyambak, ingkang sampun Paduka
luwari kalayan kasektèn Paduka ingkang
élok.
11 Mugi kersa miyarsakaken pandonga
kawula lan pandonganipun para abdi
Paduka sanès-sanèsipun sedaya ingkang
sami ngurmati dhateng Paduka. Kersaa
paring pitulungan supados ing dinten
menika kawula sedaya angsala sih-
kawelasan saking Sang Prabu." Nalika
semana aku dadi pegawé kraton sing
ngurusi unjukané Sang Prabu.

2 1 Let patang sasi, yakuwi ing sasi
Nisan, ing sawijining dina nalika
Sang Prabu Artahsasta lagi dhahar, aku
ngladèkaké unjukan anggur karo semu
sedhih. Durung tau aku katon sedhih

ana ing ngarsané Sang Prabu kaya dhèk
dina kuwi.
2 Mulané Sang Prabu ndangu, "Yagéné
kowé katon sedhih, mangka kowé ora
lara. Mesthi ana sing kokpikir." Aku
kagèt,
3 nuli matur, "Sang Prabu mugi
sugenga ing selaminipun! Kadospundi
enggèn kawula mboten sedhih,
menawi kuburanipun para leluhur
kawula samenika kebak gempuran
lan kori-korining gapuranipun sami
kabesmi."
4 Pendanguné Sang Prabu, "Dadi,
karepmu kepriyé?" Ing sajroning ati aku
ndedonga marang Allah ratuning swarga,
5 banjur matur marang Sang Prabu
mengkéné, "Menawi Sang Prabu
dhangan ing penggalih lan marengaken,
mugi kersaa ngutus kawula dhateng
tanah Yéhuda mbangun kitha menika lan
pesaréanipun para leluhur kawula."
6 Sang Prabu kang lenggah jèjèr
karo Sang Ratu njurungi panyuwunku.
Panjenengané ndangu pira lawasé
enggonku arep ana ing kana lan kapan
enggonku arep bali. Mulané aku iya nuli
ngaturi pirsa.

7 Aku banjur nyuwun layang kanggo
para gubernur ing propinsi Éfrat, supaya
nyepetaké lakuku tekan Yéhuda.
8 Kejaba kuwi aku iya nyuwun layang
kanggo Asaf, pegawé sing ngurusi alas
wilayahé kraton, supaya nyawisaké
kayu kanggo gapurané bètèng sing
ngayomi Pedalemané Allah, lan kanggo
témboké kutha, sarta omah sing arep
dakenggoni. Kabèh sing daksuwun
diparengaké déning Sang Prabu, merga
Allah mitulungi aku.
9 Aku banjur budhal menyang tanah
Éfrat Kulon bebarengan karo perwira
tentara jaranan sawetara sing ngawal
aku. Tekan kana layangé Sang Prabu
dakaturaké marang gubernur.
10 Nanging bareng Sanbalat, wong
Bèt-Horon, lan Tobia wong Amon, padha
krungu yèn tekaku kanggo kepentingané
bangsa Israèl, padha mangkel atiné.
11 Aku nerusaké lakuku nganti tekan
Yérusalèm, banjur ngaso telung dina.
12 Nalika semono durung ana wong sing
dakkandhani wangsit sing diparingaké
déning Allah ana ing atiku bab mbangun
kutha Yérusalèm. Ésuké isih bengi, aku
wis tangi, banjur ngajak kanca sawetara

metu saka kutha. Kejaba kuldi sing
daktunggangi aku padha ora nggawa
tunggangan liyané.
13 Nalika semono isih bengi. Aku padha
metu saka kutha liwat lawangé Gapura
Lebak sing sisih Kulon. Lakuku ngidul,
menyang Gapura Sampah, ngliwati
blumbang Naga. Karo mlaku aku mriksa
témboké kutha sing wis jugrug lan
lawang-lawang sing wis entèk kobong.
14 Saka Wétan kutha aku banjur ngalor,
menyang Gapura Pancuran lan Blumbang
Raja. Nanging ana ing kono ora ana
dalan sing kena diambah déning kuldiku,
merga saka akèhé jugrugan.
15 Mulané aku banjur medhun menyang
Lebak Kidron. Bengi kuwi uga aku
nerusaké lakuku karo mriksa témboké
kutha. Sawisé mengkono aku banjur
ménggok lan bali menèh menyang kutha
metu Gapura Lebak.
16 Para penggedhéné kutha kono ora
ana siji-sijia sing ngerti yèn aku lunga
lan iya ora ngerti apa sing dakrancang.
Sebab aku ora kandha apa-apa karo
wong Yahudi siji waé. Para imam lan
para penggedhé, para pegawé lan sapa

waé sing arep mèlu mbangun kutha
Yérusalèm ora ana sing dakkandhani.
17 Bareng wis let suwé lagi padha
dakkandhani mengkéné, "Kowé
padha ngerti dhéwé sepira gedhéné
kasangsaran kita iki! Yérusalèm mung
rupa jugrugan lan lawang-lawanging
gapurané entèk kobong kabèh. Ayo kita
padha mbangun témbok-témboké kutha
Yérusalèm, supaya kita aja disepèlèkaké
déning wong."
18 Aku banjur nyritakaké marang
wong-wong mau carané Gusti Allah
olèhé mitulungi aku lan apa sing
dingandikakaké déning Sang Prabu
marang aku. Wong-wong mau padha
mangsuli, "Sumangga kita miwiti
mbangun!" Banjur padha cancut
nyambut-gawé.
19 Bareng Sanbalat, Tobia lan Gèsèm
wong Arab padha krungu rancanganku
sakanca, banjur padha nggeguyu
lan moyoki. Tembungé, "Kowé kuwi
padha arep apa? Apa kowé arep padha
mbrontak Sang Prabu?"
20 Aku mangsuli, "Allah ratuning swarga
kang bakal ndadèkaké aku olèh gawé.
Aku iki padha para abdiné lan arep

wiwit mbangun. Nanging kowé padha
ora wenang mèlu nduwèni Yérusalèm.
Malah yèn wong padha ngrembug bab
kutha Yérusalèm, jenengmu ora bakal
kasebut-sebut."

3 [1] Lapuran bab pembanguning
témboké Yérusalèm kuwi mengkéné:
Imam Agung Èliasib lan kanca-kancané
mbangun Gapura Wedhus Gèmbèl,
masang inebé lawang-lawangé lan
disucèkaké kagem Allah. Saka kono
padha mbangun témbok lan disucèkaké
tekan Menara Satus lan tekan Menara
Hananéèl.
[2] Kejaba para imam, wong-wong sing
jenengé kasebut ing ngisor iki padha
mbangun témboké kutha lan lawang-
lawang sarta menara-menarané: Zakhur
bin Imri, Kaum Sénaa: Gapura Iwak
karo balok-baloké, inebé lawang-lawang,
baut-baut lan palang-palangé. Merémot
bin Uria, putuné Hakos. Mesulam bin
Bèrékia lan putuné Mesézabeèl. Zadok
bin Baana Para wargané kutha Tekoa
(para penggedhéné kutha mau ora gelem
nglakoni pegawéan kasar). Yoyada bin
Paséah lan Mesulam bin Besota mbangun
Gapura Yesana karo balok-balok, inebing

lawang, baut-baut lan slorogan-sloroganė lawang. Cedhaké kono sing nyambut-gawé Melaca saka Gibéon lan Yadon saka Méronot. Wong-wong Gibéon lan wong Mizpa mbangun témbok tekan kedhatoné gubernur Éfrat Kulon. Uzièl bin Harhaya, tukang emas cedhak karo Hananya, tukang gawé lenga wangi. Wong-wong olèhé ndandani nganti tekan Témbok Amba. Réfaya bin Hur, wedana distrik sing ngwasani separoné Yérusalèm. Yédaya bin Hamurafi mbangun témbok sacedhaké omahé. Hatus bin Hasabnéya. Malkia bin Harim lan Hasub bin Pahat-Moab mbangun témbok terusané sarta Menara Prapèn. Salum bin Halohès, wedana wilayah sing ngawasi separoné Yérusalèm, diréwangi anak-anaké wadon. Hanun lan penduduk Zanoah: Gapura Lebak sarta inebing lawang-lawang, baut-baut lan slorogan-sloroganė. Iya témbok sing dawané 440 mèter tekan Gapura Sampah. Malkia bin Rékhab, wedana wilayah Bètkèrèn: Gapura Sampah lan inebing lawang-lawang, baut-baut lan slorogan-sloroganė. Salum bin Kolhozè, wedana wilayah Mizpa mbangun

Gapura Sumber Banyu karo payoné,
inebing lawang-lawang, baut-baut
lan slorogan-slorogané. Uga témbok
Blumbang Sélah sacedhaké kedhaton
tekan undhak-undhakan sing medhun
saka kuthané Dawud. Néhémia bin
Azbuk, wedana wilayah Bètzur mbangun
témbok tekan pesaréané kulawargané
Raja Dawud, blumbang-blumbangan lan
tangsi.
3 (3:2)
4 (3:2)
5 (3:2)
6 (3:2)
7 (3:2)
8 (3:2)
9 (3:2)
10 (3:2)
11 (3:2)
12 (3:2)
13 (3:2)
14 (3:2)
15 (3:2)
16 (3:2)
17 Témbok liyané dibangun déning
wong-wong Lèwi yakuwi: Rehum bin
Bani. Hasabya, wedana ing separoné
wilayah Kéhila. Pérangané témbok

sing kanggo wilayahé dhéwé. Cedhaké
menèh Binui bin Hénadad, wedana
ing separoné wilayah Kéhila. Èzèr
bin Yosua, penggedhéné kutha Mizpa
mbangun témbok ing pojok dalan,
ngarepé gudhang sing kanggo nyimpen
gegaman. Baruk bin Zabai mbangun
témbok saka pojok dalan tekan lawangé
omahé Imam Agung Èlyasib. Merémot
bin Uria, putuné Hakos sing mbangun
pérangané témbok saka lawangé omahé
Èlyasib tekan pungkasané omah mau.
18 (3:17)
19 (3:17)
20 (3:17)
21 (3:17)
22 Ana pérangané témbok sawetara
sing dibangun déning para imam,
yakuwi: Imam-imam sing omahé ora
adoh saka Yérusalèm. Bènyamin lan
Hasub mbangun témbok ing sangarepé
omahé. Azarya bin Maaséya bin Ananya:
témbok sacedhaké omahé. Binui bin
Hénadad: témbok saka omahé Azaria
tekan pojokan. Palal bin Uzai, sing
dibangun témbok saka pojok menara
kedhaton sing sisih ndhuwur, sacedhaké
plataran sing dienggo jaga. Pédaya bin

Paros: témbok tekan ngarepé lawang
Gapura Banyu sisih Wétan lan menara
sing kanggo njaga Pedalemané Allah.
(Ora adoh saka kono ana daérah sing
jenengé Ofèl, yakuwi panggonané para
peladèn ing Pedalemané Allah.)
23 (3:22)
24 (3:22)
25 (3:22)
26 (3:22)
27 Péranganané témbok-témbok liyané
sing dibangun digarap déning wong-
wong kasebut ing ngisor iki: Para
wargané kutha Tekoa; nggarap témbok
saka ngarep menara penjagané,
Pedalemané Allah tekan témbok
Ofèl. Imam-imam sing manggon ing
sacedhaké Gapura Jaran, nggarap
témbok sing adhep-adhepan karo omahé
wong-wong mau, saka gapura terus
mengalor. Zadok bin Imèr mbangun
témbok sing ana ing ngarepé omahé.
Semaya bin Sekhanya, wong sing jaga
Gapura Wétan nggarap témbok sing
ana ing ngarepé omahé. Hananya bin
Selèmya lan Hanun anaké Zalaf sing
nomer nem. Mesulam bin Bèrékia, sing
dibangun témbok sing ana ing ngarepé

omahé. Malkia, tukang emas nggarap
témbok tekan asramané para buruh
lan omahé para wong dagang, ing
ngarepé Gapura Mifka tekan lotèng ing
pojoké témbok sisih Lor-wétan. Para
tukang emas lan wong dagang mbangun
pérangané témbok sing pungkasan,
wiwit saka lotèng ing pojoké témbok
tekan Gapura Wedhus Gèmbèl.
28 (3:27)
29 (3:27)
30 (3:27)
31 (3:27)
32 (3:27)

4 1 Bareng Sanbalat krungu yèn
aku wong-wong Yahudi lagi padha
mbangun menèh témboké kutha, banjur
nepsu banget lan aku padha dipoyoki.
2 Ana ing ngarepé kanca-kancané
lan tentara Samaria, Sanbalat muni
mengkéné, "Wong Yahudi sing ora bisa
apa-apa kuwi arep gawé apa? Apa arep
mbangun kuthané menèh? Apa dikira
pegawéan kuwi bisa rampung sedina
mung srana gawé kurban? Apa jugrugan
témbok lan uwuh tilas obong-obongan
kuwi kena digawé bata kanggo gawé
témbok?"

3 Tobia sing iya ngadeg ing sandhingé
muni mengkéné, "Delengen témbok sing
didegaké kuwi! Yèn disénggol asu liwat
waé mesthi rubuh!"
4 Mulané aku banjur ndedonga,
"Dhuh Allah, kersaa miyarsakaken
pamoyokipun tiyang-tiyang menika!
Pamoyok menika mugi Paduka
wangsulaken supados ndhawahi
sirahipun piyambak. Barang-darbèkipun
dipun rampasa lan piyambakipun
piyambak dipun tawanna kabekta
dhateng negari manca.
5 Piawonipun sampun ngantos Paduka
apunten lan dosanipun sampun ngantos
Paduka supèkaken, mergi tiyang menika
sami ngina kawula ingkang saweg sami
mbangun menika."
6 Aku padha nerusaké mbangun, lan
ora let suwé témboké rampung mubeng
setengah dhuwur, merga rakyat olèhé
nyambut-gawé kanthi sengkud.
7 Kecrita bareng Sanbalat, Tobia,
wong-wong Amon lan Asdod sarta
wong Arab padha krungu yèn enggonku
padha mbangun témboké Yérusalèm
saya maju lan growong-growongan ing

témbok-témbok wis katutup, padha
nepsu banget.
8 Banjur padha rukunan arep nyerang
Yérusalèm, gawé kacau.
9 Mulané aku banjur padha ndedonga
marang Allah lan kutha mau padha
dakjaga rina wengi.
10 Wong Yéhuda padha menyanyi
karo sesambat mengkéné: "Aku wis
padha kentèkan tenaga, mangka
gawéané isih semana, kaya-kaya aku
ora kuwat nerusaké mbangun témbok iki
sarampungé."
11 Mangka mungsuh padha siaga arep
nyerang dadakan lan matèni aku kabèh,
supaya pegawéanku mandheg.
12 Wong Yahudi sing padha manggon
ora adoh saka mungsuh mau wis
bola-bali nekani aku ngandhakaké
rancangané mungsuh.
13 Mulané rakyat banjur dakdumi
pedhang, tumbak lan panah,
sarta dakpantha-pantha miturut
kulawargané dhéwé-dhéwé, saben
pantha dakdokokaké ing samburiné
témbok lan panggonan-panggonan sing
durung rampung digarap.

14 Bareng aku weruh yèn rakyat wedi,
para pemimpin lan rakyat banjur padha
dakkandhani mengkéné, "Aja padha
wedi karo mungsuh. Aja lali yèn Gusti
Allah mono kwasa lan kwasané ngédab-
édabi. Padha peranga kanggo mbélani
sedulur-sedulurmu, anak-anakmu,
bojomu lan pomahanmu!"
15 Mungsuh wis padha ngerti yèn
rancanganè konangan. Rakyat padha
ngerti yèn rancanganè mungsuh wis
dibatalaké déning Allah. Aku banjur
padha bali nyambut-gawé menèh,
mbangun témbok.
16 Nanging wiwit dina kuwi wong-wong
sing nyambut-gawé mung kari separo;
liyané padha jaga, nganggo klambi keré
lan siap gegaman tumbak, tamèng lan
panah. Para pemimpin padha mbiyantu
rakyat sakatogé,
17 mula rakyat padha bisa nerusaké
enggoné mbangun témbok. Wong sing
padha nggawa bahan bangunan mau
tanganè sing siji nggawa bahan, tangan
sijiné nyekel gaman.
18 Tukang-tukang batu enggoné
nyambut-gawé karo nyengkelit pedhang.
Wong sing gawéné awèh pretandha yèn

ana bebaya srana ngunèkaké slomprèt
tansah siaga ngadeg ing sacedhakku.
19 Rakyat, para pengarepé masarakat
lan para penggedhé padha dakkandhani
mengkéné, "Pegawéan iki akèh lan
jembar; kita siji karo sijiné mrenca ing
sauruté dawané témbok iki.
20 Mulané yèn kowé padha krungu
swarané slomprèt, énggal padha
nglumpuka ing panggonanku kéné.
Gusti Allah piyambak sing bakal perang
kanggo kita."
21 Kaya mengkono enggonku padha
nyambut-gawé wiwit ésuk tekan surup,
nganti lintang-lintang wis katon ing
langit. Rakyat sing separo mbangun
témbok, sing separo liyané padha jaga
karo nyekeli tumbak.
22 Nalika semono para petugas lan
para réwangé padha dakkon nginep ing
Yérusalèm. Nganggo cara mengkono yèn
bengi aku padha bisa njaga kutha lan
awané mbangun témbok.
23 Aku dhéwé, para pembantu lan para
pengawalku rina wengi padha ora salin
sandhangan, lan terus-terusan siaga
karo siap gegaman.

5 1 Ora wetara suwé akèh wong Yahudi,
lanang lan wadon, sing padha
sambat merga penggawéné wong-wong
Yahudi liyané.
2 Ana sing muni, "Anakku akèh. Aku
butuh gandum kanggo mangan supaya
urip."
3 Liyané menèh kandha, "Aku kepeksa
nggadhèkaké tegalan, kebon anggur lan
omah kanggo tuku gandum supaya ora
mati kaliren."
4 Iya ana sing muni, "Aku kepeksa
utang kanggo nglunasi pajeg, sing
ditetepaké déning Sang Prabu kanggo
tegalan lan kebon anggur.
5 Apa aku dudu wong Yahudi? Apa
anak-anakku ora padha karo anaké
wong Yahudi liya-liyané? Éwasemono
anak-anakku kepeksa dakdadèkaké
batur. Malah ana anakku wadon sing wis
dadi batur-tukon. Aku ora bisa apa-apa,
merga tegalan lan kebon anggurku wis
dakgadhèkaké."
6 Krungu sambaté wong-wong mau,
aku nepsu banget,
7 lan aku kudu tumindak. Para
pengarepé masarakat lan para
penggedhé nuli dakwelèhaké, karo

muni, "Kowé padha nindhes sedulur-
sedulurmu dhéwé!" Sawisé mengkono
aku banjur nganakaké rapat umum
kanggo ngrampungaké prekarané,
8 karo muni mengkéné, "Aku sakuwat-
kuwatku padha nebus sedulur-sedulurku
wong Yahudi sing padha ngedol awaké
marang wong manca. Nanging saiki
kowé malah meksa sedulur-sedulurmu
ngedol awaké menyang kowé, mangka
wong-wong kuwi iya wong Yahudi!" Para
penggedhé mau padha ora bisa mangsuli
sakecap waé.
9 Aku kandha menèh, "Penggawému
kuwi ora becik! Mesthiné kowé kudu
wedi marang Allah, supaya mungsuh
kita sing ora kenal karo Allah kuwi ora
duwé alesan kanggo moyoki kita.
10 Aku dhéwé, sedulur-sedulurku lan
kanca-kancaku wis ngutangi dhuwit
lan gandum marang rakyat. Kuwi aja
ditagih.
11 Utang-utangé rakyat marang kowé
mau lilakna kabèh, ya sing rupa dhuwit,
ya sing rupa gandum, anggur utawa
lenga zaitun. Tegalan, kebon anggur,
kebon zaitun lan omahé padha balèkna
kabèh!"

12 Wangsulané para penggedhé mau,
"Kesinggihan, pangandika panjenengan
badhé sami kula lampahi sedaya. Badhé
kula wangsulaken lan mboten badhé kula
tagih babar-pisan." Aku banjur nekakaké
para imam. Para penggedhé masarakat
lan para penggedhé mau padha dakkon
sumpah ing ngarepé para imam, yèn apa
sing dadi kesaguhané mau bakal padha
ditetepi.
13 Sabuké jubahku banjur dakuculi[a]
lan dakkebutaké karo muni mengkéné,
"Kaya mengkéné Allah muga ngebutaké
saben wong sing ora netepi kesaguhané.
Wong kuwi padha dadia mlarat, omah
lan bandhané kabèh dipundhuta déning
Allah." Wong kabèh nuli padha nyauri,
"Amin," sarta padha memuji marang
Allah. Para penggedhé mau padha netepi
kesaguhané.
14 Enggonku dadi gubernur ing Yéhuda
lawasé wis 12 taun, yakuwi wiwit taun
rong puluh tekan taun telung puluh
loroné pepréntahané Raja Artahsasta.

---

[a]Nalika jaman semanten sandhangan mboten dipun sukani kanthong. Barang-barang bektan alit-alit dipun tlesepaken ing sabuk. Dados menawi sabuk wau dipun kebutaken ateges bilih tiyang wau kécalan sedaya gadhahanipun.

Selawasé kuwi aku lan kanca-kancaku
ora tau njupuk bayarku.
15 Gubernur-gubernur sadurungé aku
padha dadi sanggané rakyat, merga
kanggo pangan lan anggguré padha
njaluk bayaran 40 dhuwit slaka saka
rakyat. Malah para pegawéné iya padha
nindhes rakyat. Nanging aku ora gelem
tumindak mengkono, merga aku wedi
marang Allah.
16 Tenagamu dakperes kanggo
pembanguné témbok lan aku ora njaluk
piwales rupa lemah sakilan waé, senajan
para réwangku kabèh padha mèlu
nyambut-gawé ing pembangunan mau.
17 Wong Yahudi 150 lan para
penggedhéné kerep kembul mangan
karo aku ing omahku, durung kepétung
tamu-tamu saka bangsa-bangsa ing
sakiwa-tengenku.
18 Saben dina aku kudu ngetokaké
dhuwit saka kanthongku dhéwé kanggo
mbayar sapi siji, wedhus gèmbèl sing
lemu nenem lan piyik ora sethithik.
Kejaba kuwi pendhak sepuluh dina kudu
ana cawisan anggur anyar. Éwasemono
aku ora njaluk bayar merga pangkatku
dadi gubernur mau, awit aku ngerti yèn

sesanggan sing semono mau rakyat
kaboten.
19 Panyuwunku marang Allah, "Mugi
kersaa ngèngeti sakathahing lelabetan[b]
kawula dhateng bangsa menika, sarta
mugi kersa mberkahi kawula."
6 1 Sanbalat, Tobia, Gèsyèm lan
mungsuh-mungsuhku liyané padha
krungu yèn enggonku padha mbangun
témbok wis rampung. Témbok-témbok
sing ambrol wis ditutup kabèh. Mung
ineb-inebing lawang-lawang gapura
durung padha dipasang.
2 Sanbalat lan Gèsyèm melingaké aku,
dikon teka arep diajak rembugan ana ing
sawijining désa ing Lebak Ono. Nanging
aku ngerti, yèn aku arep dipilara.
3 Mulané aku mangsuli, "Aku ora bisa
teka, merga isih ana gawéan penting.
Yèn daktinggal rembugan karo kowé,
pegawéan kuwi bakal kèthèr."
4 Enggoné melingaké aku nganti
rambah ping pat, nanging saben-saben
wangsulanku padha waé.

---

[b]lelabetan, lelabuhan: jasa (bhs. Ind.).

5 Kocapa bareng ping limané
kongkonané Sanbalat teka nggawa
layang bukakan,[c]
6 sing surasané mengkéné: "Aku olèh
kabar saka Gèsyèm yèn bangsa ing
kiwa-tengen kéné ana sing ngandhakaké
yèn kowé lan wong Yahudi padha
ngrancang arep mbrontak. Iya kandha
yèn kowé arep ngangkat awakmu dhéwé
dadi raja Yéhuda,
7 malah wis akon nabi misudha kowé
ing Yérusalèm. Kabar kuwi mesthi bakal
kepireng déning Sang Prabu. Mulané
kowé tekaa lan rembugana karo aku."
8 Aku mangsuli mengkéné, "Kabèh sing
kokkandhakaké kuwi omong-kosong.
Kuwi mung gawéanmu dhéwé."
9 "Mengkono caramu padha medèn-
medèni aku kabèh, supaya aku
padha lèrèn olèhku nyambut-gawé.
Pandongaku marang Allah, 'Dhuh Allah,
mugi kersaa nyantosakaken kawula!'"
10 Dhèk semana aku tilik menyang
omahé Semaya bin Délaya, putuné
Méhétabéèl, merga dhèwèké alangan ora
bisa menyang panggonanku. Semaya

---

[c]layang bukakan: maksudipun supados suraosipun kasumerepan ing umum.

muni mengkéné, "Sumangga kita kekalih
sami ngumpet ing Pedalemanipun
Allah. Korinipun lajeng kita kunci
saking nglebet, mergi dalu menika
wonten tiyang ingkang badhé nyédani
panjenengan."
11 Nanging aku mangsuli, "Aku iki dudu
wong jirih sing gawéné mlayu. Apa
kokkira aku kepéngin golèk slamet srana
ngumpet ing Pedalemané Allah? Ora
bakal!"
12 Bareng dakrasak-rasakaké temenan,
aku ngerti yèn tembungé Semaya mau
ora saka Allah, nanging saka Tobia lan
Sanbalat. Semaya wis dibeseli supaya
ngandhakaké wangsit marang aku,
13 kanggo medèn-medèni aku, supaya
aku nuruti karepé sing jahat. Sebab
srana mengkono dhèwèké olèh alasan
kanggo ngala-ala aku lan gawé ora
kajènku ing antarané bangsaku.
14 Aku banjur ndedonga, "Dhuh Allah,
mugi kersa ngèngeti pendamelipun Tobia
lan Sanbalat menika. Mugi sami Paduka
ukum! Mekaten ugi nabi èstri ingkang
nama Noaya lan nabi sanès-sanèsipun
ingkang badhé damel ajrih."

15 Suwéné mbangun témbok mau sèket
loro dina. Rampungé tanggal selawé sasi
Élul.
16 Mungsuh-mungsuhku sing ana
ing antarané bangsa-bangsa sakiwa-
tengené kono padha krungu, mula padha
kisinan, sebab kabèh wong padha ngerti
yèn pegawéan kuwi kelakoné srana
pitulungané Allah.
17 Selawasé kuwi para penggedhéné
wong Yahudi padha kirim-kiriman layang
karo Tobia.
18 Tobia mau duwé kenalan akèh ing
Yéhuda, merga dhèwèké kuwi mantuné
Sekhanya bin Arah. Kejaba kuwi anaké
Tobia sing jeneng Yohanan, kawin karo
anaké wadon Mesulam bin Bèrékia.
19 Senajan Tobia ora lèrèn-lèrèn
nglayangi aku karo ngancam aku,
éwasemono para penggedhéné wong
Yahudi tansah ngiloni Tobia ana ing
ngarepku. Kejaba kuwi kabèh, apa sing
dakkandhakaké marang wong-wong
mau, padha diterusaké marang Tobia.

7 1 Sawisé pembanguné témbok
rampung, aku akon masang ineb-
inebing lawang. Para tukang njaga
gapura, para penyanyi lan wong-wong

Lèwi dakkon nglakoni kuwajibané dhéwé-dhéwé.
2 Pepréntahané kutha Yérusalèm banjur dakpasrahaké marang sedulurku Hanani karo Hananya, panglimané bètèng, merga Hananya kuwi wong sing mursidé ngungkuli wong-wong liyané, lan kena diprecaya.
3 Kandhaku marang wong loro mau, "Lawang-lawangé gapura kutha Yérusalèm mung kena dibukak yèn wis awan lan kudu ditutup sarta dipasang slorogané sadurungé para wong jaga padha mulih ing wayah soré. Kejaba kuwi ing antarané penduduk Yérusalèm kudu ana sing rondha; sapérangan jaga ana ing pos-pos penjagaan lan sapérangan patroli ing daérahé kampungé dhéwé-dhéwe’."
4 Yérusalèm kuwi kuthané gedhé, nanging penduduké mung sethithik. Omah sing didegaké iya durung akèh.
5 Aku kaparingan wangsit déning Allah kadhawuhan nglumpukaké rakyat, para pengarep lan para penggedhé, lan nyacahaké wong-wong mau miturut sarasilahé. Ana ing kono aku nemu cathetané wong-wong sing dhisik dhéwé

teka saka pembuwangan. Ketrangan
sing ana ing cathetan mau mengkéné:
6 Akèh wong buwangan sing lunga saka
propinsi Babil, bali menyang Yérusalèm
lan Yéhuda, saben wong menyang
kuthané dhéwé-dhéwé. Kulawargané
wong-wong mau wis suwé manggon ing
pembuwangan ing Babil, wiwit padha
ditawan lan digawa mrana déning Raja
Nebukadnésar.
7 Pemimpin-pemimpiné yakuwi
Zérubabel, Yésua, Néhémia, Azarya,
Raamya, Nahamani, Mordekhai, Bilsan,
Mispèrèt, Bigwai, Nehum lan Baana.
8 Daftaré para kulawarga Israèl lan
cacahé saben kulawarga sing teka
saka pembuwangan kuwi mengkéné:
Paros-2.172; Séfaca-372; Arah-
652; Pahat-Moab (turuné Yésua lan
Yoab)-2.818; Élam-1.254; Zatu-845;
Zakai-760; Binui-648; Bébai-628;
Azgad-2.322; Adonikam-667; Bigwai-
2.067; Adin-655; Atèr (uga karan
Hizkia)-98; Hasum-328; Bésai-324;
Harif-112; Gibéon-95.
9 (7:8)
10 (7:8)
11 (7:8)

12 (7:8)
13 (7:8)
14 (7:8)
15 (7:8)
16 (7:8)
17 (7:8)
18 (7:8)
19 (7:8)
20 (7:8)
21 (7:8)
22 (7:8)
23 (7:8)
24 (7:8)
25 (7:8)
26 Wong-wong sing leluhuré manggon
ing kutha-kutha ing ngisor iki uga
padha teka saka pembuwangan: Kutha
Bètléhèm lan Netofa-188; Anatot-128;
Bèt-Azmawèt-42; Kiryat-Yéarim, Kéfira
lan Baérat-743; Rama lan Gaba-621;
Mikmas-122; Bètèl lan Ai-123; Nébo
liyané-52; Élam liyané-1.254; Harim-
320; Yérikho-345; Lod, Hadis lan
Ono-721; Sénaa-3.930;
27 (7:26)
28 (7:26)
29 (7:26)
30 (7:26)

31 (7:26)
32 (7:26)
33 (7:26)
34 (7:26)
35 (7:26)
36 (7:26)
37 (7:26)
38 (7:26)
39 Daftaré para imam sing teka
saka pembuwangan yakuwi: Yédaya
(turuné Yésua)-973; Imèr-1.052;
Pasyhur-1.247; Harim-1.017.
40 (7:39)
41 (7:39)
42 (7:39)
43 Kulawargané Lèwi sing teka saka
pembuwangan yakuwi: Yésua lan
Kadmièl (turuné Hodawa) -74; Para
pemain musik ing Pedalemané Allah
-148; Para tukang jaga gapuranè
Pedalemané Allah (turuné Salum, Atèr,
Talmon, Akub, Hatika lan Sobai) -138;
44 (7:43)
45 (7:43)
46 Daftar kulawangsané para tukang
sing nggarap Pedalemané Allah sing
teka saka pembuwangan yakuwi: Ziha,
Hasufa, Tabaot, Kéros, Sia, Padon,

Lebana, Hagaba, Salmai, Hanan, Gidèl,
Gahar, Réaya, Rézin, Nékoda, Gazam,
Uza, Paséah, Bésai, Méunim, Néfusim,
Bakbuk, Hakufa, Harhur, Bazlit, Mehida,
Harsa, Barkos, Siséra, Temah, Néziah
lan Hatifa.
47 (7:46)
48 (7:46)
49 (7:46)
50 (7:46)
51 (7:46)
52 (7:46)
53 (7:46)
54 (7:46)
55 (7:46)
56 (7:46)
57 Kulawangsané para abdiné Suléman
sing teka saka pembuwangan: Sotai,
Sofèrèt, Perida, Yaala, Darkon, Gidèl,
Séfaca, Hatil, Pokhèrèt-Hazebaim,
Amon.
58 (7:57)
59 (7:57)
60 Anak-turuné para peladèn ing
Pedalemané Allah lan para abdiné
Suléman sing padha teka saka
pembuwangan cacahé 392.

61 Ing antarané wong-wong sing
padha bali saka kutha-kutha Tèl-Mèlah,
Tèl-Harsa, Kerub, Adon lan Imèr ana
642 sing klebu kaum Délaya, Tobia lan
Nékoda; nanging wong-wong mau padha
ora bisa mbuktèkaké yèn wong-wong
mau klebu turuné wong Israèl.
62 (7:61)
63 Iya ana kulawangsané imam sing ora
bisa nemokaké cathetan sing nyebutaké
sapa leluhuré. Yakuwi kaum Habaya,
Hakos lan Barzilai. (Ana leluhuré
kaum Imam Barzilai sing kawin karo
wong wadon turuné kaum Barzilai ing
Giléad lan banjur nganggo jenengé
kulawargané maratuwané.) Sarèhné ora
bisa mbuktèkaké sapa leluhuré, mulané
ora bisa diangkat dadi imam.
64 (7:63)
65 Gubernur daérah Yéhuda ora nglilani
wong-wong mau mangan panganan sing
disaosaké marang Allah, nganti ana
imam sing bisa nyuwun pituduh srana
Urim lan Tumim.
66 Wong-wong buwangan sing bali
menyang negarané kabèh cacahé
42.360. Kejaba kuwi para réwangé mèlu
bali, cacahé 7.337, lan penyanyi cacahé

245. Wong-wong mau padha nggawa
kéwan-kéwané, yakuwi: Jaran-736;
Bihal-245; Unta-435; Kuldi-6.720;
67 (7:66)
68 (7:66)
69 (7:66)
70 Ing antarané rakyat akèh sing
nyumbang kanggo ngènthèng-ènthèngi
ragadé ndandani Pedalemané Allah. Saka
gubernur: emas 8 kilogram; mangkok
upacara 50; jubah imam 530 iji. Saka
para lajeré kulawangsa: emas 168
kilogram; slaka 1.250 kilogram. Saka
wong liya-liyané: emas 168 kilogram;
slaka 140 kilogram; jubah imam 67 iji.
71 (7:70)
72 (7:70)
73 Para imam, wong Lèwi, para tukang
jaga gapura Pedalemané Allah, para
penyanyi rakyat, para peladèn ing
Pedalemané Allah, ringkesé rakyat Israèl
kabèh, padha manggon ing kutha-kutha
lan désa-désa ing Yéhuda.

8 1 Ing sasi kapitu wong Israèl wis
padha manggon ing kuthané
dhéwé-dhéwé. Nalika tanggal siji sasi
kuwi wong kabèh padha nglumpuk ing
Yérusalèm, ing alun-alun sangarepé

Gapura Banyu. Wong-wong mau padha
nyuwun supaya Imam Ézra mundhut
Kitab Torèt. Ézra kuwi ahli Torèt, yakuwi
Kitab sing kaparingaké déning Allah
lantaran Musa.
2 Ézra banjur nggawa Kitab mau ana ing
satengahé kumpulan. Sing nglumpuk ing
kono mau wong lanang, wong wadon lan
wong-wong nom sing wis bisa nampa.
3 Ézra banjur macakaké Torèt marang
wong-wong mau saka ésuk tekan
awan. Wong kabèh padha ngrungokaké
temenan.
4 Ézra ngadeg ing panggungan kayu,
sing digawé kanggo kapreluan mau.
Wong-wong sing padha ngadeg ing
sisih tengené yakuwi: Matica, Séma,
Anaya, Uria, Hilkia lan Maaséya; ing sisih
kiwané: Pédaya, Misaèl, Malkia, Hasum,
Hasbadana, Zakharia lan Mesulom.
5 Panggungan sing dienggo ngadeg
Ézra mau luwih dhuwur tinimbang
wong-wong sing padha ngadeg, mula
wong kabèh bisa ndeleng dhèwèké.
Nalika Ézra mbukak Kitab Torèt mau,
wong kabèh padha ngadeg.
6 Pangucapé Ézra, "Pinujia Pangéran,
Allah kang mahamulya." Rakyat kabèh

banjur padha ngangkat tangané lan
mangsuli, "Amin, amin!" Banjur padha
sujud nyembah marang Allah.
7 Sawisé mengkono banjur padha
ngadeg menèh ana ing panggonané
dhéwé-dhéwé. Banjur ana wong Lèwi
sawetara sing nerangaké Torèt mau.
Wong-wong Lèwi mau yakuwi: Yésua,
Bani, Sèrèbya, Yamin, Akub, Sabbetai,
Hodia, Maaséya, Kelita, Azarya, Haman
lan Pelaya.
8 Wong-wong Lèwi mau nyalin basané
Torèt[d] lan diterangaké nganti rakyat
ngerti tegesé.
9 Krungu surasané Torèt mau, rakyat
gumun banget, nganti padha nangis.
Gubernur Néhémia, Imam Ézra, ahli
Torèt, sarta wong-wong Lèwi sing padha
njarwakaké Torèt mau banjur ngandhani
rakyat mengkéné, "Dina iki kita pilih lan
kita saosaké marang Allah, mula aja
padha susah atimu lan aja nangis.
10 Padha muliha lan bungah-bungaha.
Panganmu lan anggurmu sebagéan
wènèhna marang wong sing kekurangan.

---

[d]Torèt: kaserat nganggé basa Ibrani, mangka ing Babil tiyang Yahudi nganggé basa padintenan Aram. Mila Torèt.

Dina iki dina kusus kagem Allah kita,
dadi aja padha susah. Kabungahan sing
diparingaké déning Allah marang kowé
bakal nguwataké kowé."
11 Wong Lèwi iya padha nentremaké
atiné rakyat lan kandha karo dibolan-
balèni mengkéné, "Ing dina sing kita
saosaké kagem Allah iki kowé aja padha
susah."
12 Rakyat kabèh banjur padha mulih,
padha mangan lan ngombè sarta padha
ngedum pangan marang wong liya.
Wong-wong mau padha bungah merga
padha ngerti surasané wacan sing
mentas dirungu.
13 Ésuké para tuwa-tuwané kulawarga
padha nglumpuk, semono uga para
imam lan wong Lèwi, banjur padha
nekani Ézra kepéngin nyinau Torèt.
14 Ana ing Kitab Torèt sing diparingaké
déning Allah lantaran Nabi Musa mau,
Pangéran dhawuh supaya umat Israèl
sajroné Riaya Tarub Godhong padha
manggon ing tarub-tarub sing digawé
saka gegodhongan.
15 Mulané ing Yérusalèm lan ing kutha-
kutha sarta ing désa-désa wong-wong
padha didhawuhi mengkéné, "Padha

lungaa menyang pegunungan, golèka
godhong cemara, godhong wit zaitun,
godhong palem lan godhongé wit
liya-liyané kanggo gawé tarub, kaya sing
diatur ana ing Kitab Torèt."
16 Rakyat banjur budhal golèk
pangpangé wit-witan mau. Kabèh banjur
padha gawé tarub nganggo payon
godhong ana ing pekarangané omahé,
ana ing plataraning Pedalemané Allah,
ing alun-alun sacedhaké Gapura Banyu,
lan ing alun-alun sacedhaké Gapura
Éfraim.
17 Rakyat kabèh sing teka saka
pembuwangan padha gawé tarub sarta
manggon ana ing kono. Lagi sepisan
kuwi sapungkuré Yosua bin Nun, wong
kabèh padha bungah lan rumangsa
begja.
18 Enggoné padha pésta lawasé pitung
dina. Saben dina Ézra macakaké bagéan-
bagéané Kitab Torèt. Ing dina kaping
woluné dianakaké upacara penutupan.
9 1 Bareng tanggal patlikur sasi kuwi
uga, rakyat Israèl padha nglumpuk.
Banjur padha pasa kanggo ngètokaké
enggoné nggetuni dosané. Kanggo
tandha yèn atiné susah, wong kabèh

mau padha nganggo sandhangan bagor lan sirahé diwur-wuri lemah. Sawisé mengkono banjur padha ngadeg lan ngakoni dosané dhéwé lan dosané para leluhuré.

2 (9:1)

3 Kitab Torèt peparingé Allahé diwacakaké suwéné telung jam, diterusaké telung jam menèh kanggo ngakoni dosa-dosané. Sawisé mengkono banjur padha nyembah sujud marang Pangéran, Allahé.

4 Ing kono ana panggungé kanggo wong Lèwi, Yésua, Bani, Kadmièl, Sebanya, Buni, Sèrèbya, Bani lan Kenani padha ngadeg ing panggung mau. Klawan swara sora wong-wong mau padha ndedonga marang Pangéran, Allahé.

5 Pangibadah ing dina kuwi kawiwitan déning wong-wong Lèwi, kasebut ing ngisor iki: Yésua, Kadmièl, Bani, Hasabnéya, Sèrèbya, Hodia, Sebanya lan Pétahya. Pangucapé wong-wong mau: "Padha ngadega lan memujia marang Pangéran, Allah kita! Ngunjukna puji marang Panjenengané ing selawas-lawasé! Pinujia asmané Kang Mahaluhur. Asmané luhurna ing sakatogé."

6 Rakyat Israèl banjur padha ndedonga mengkéné, "Paduka menika Allah, mboten wonten sanèsipun; Paduka ingkang nitahaken lintang-lintang lan langit. Ugi seganten lan bumi saisinipun, Paduka paringi gesang lan Paduka rimati. Sedaya pangwasa ing langit sami nyembah sujud, sami sumuyud lan sami jèngkèng dhateng Paduka.
7 Paduka menika Pangéran, Allah ingkang mboten wonten tunggilipun. Abram Paduka pilih saking tengahing bangsanipun. Ur ing Kasdim dipun tilar, margi Paduka piyambak ingkang nuntun. Lajeng Paduka paringi nama énggal: Abraham, dados namanipun wiwit kala semanten.
8 Krana piyambakipun setya lan mbangun-turut. Lajeng Paduka damel prejanjian langgeng kaliyan piyambakipun. Tanah Kenaan, Hèt lan Amori. Tanah Fèris, Yébus lan Girgasi, badhé Paduka paringaken piyambakipun, kadadosaken tanah pusaka kanggé tedhak-turunipun. Janji Paduka menika sampun Paduka tetepi, sebab Paduka menika adil lan saé ing penggalih.

9 Paduka mirsani kasangsaranipun para
leluhur ing wekdal kepengker. Paduka
miyarsakaken pesambatipun ing Mesir
lan ing Seganten Teberau.
10 Paduka nindakaken kaélokan ing
ngajengipun Sang Pringon tuwin
ngajengipun para pegawé lan rakyatipun
negari; mergi Paduka pirsa enggènipun
misakit umat Paduka; inggih awit
kaélokan wau asma Paduka misuwur
dumugi dinten menika.
11 Paduka mbelah seganten kanggé
langkung umat Paduka. Paduka
sabrangaken medal mergi ingkang asat.
Tiyang ingkang sami ngoyak sami kleleb
ing toya, kados séla ingkang kèrem ing
seganten ganas.
12 Ing wanci siyang sami Paduka
tuntun mawi tugu méga, ing wanci dalu
marginipun kapadhangan déning tugu
latu.
13 Saking swarga Paduka tumedhak
dhateng Sinai, lajeng ngandikan kaliyan
umat Paduka. Umat wau Paduka paringi
angger-angger, prenatan lan pitedah
ingkang adil, saé, leres lan migunani.

14 Paduka dhawuhi nucèkaken dinten
Sabbat; lantaran Musa, Paduka
maringaken Torèt.
15 Nalika sami keluwèn kekirangan
tedha, Paduka paringi roti saking langit.
Saking séla karang Paduka ngedalaken
toya, minangka jampining ngelak.
Paduka paringi negari supados dipun
enggèni, Paduka janjèkaken kalayan
sumpah.
16 Nanging para leluhur kawula sami
angkuh lan wangkal. Dhawuh-dhawuh
Paduka mboten dipun lampahi.
17 Sami mboten mbangun-turut;
kesaénan Paduka dipun supèkaken,
mekaten ugi sedaya mujijat Paduka.
Kalayan angkuh sami milih pemimpin,
sami kepéngin wangsul dhateng
Mesir, dados réncang tumbasan.
Nanging Paduka Allah ingkang lubèr
ing pangapunten, sabar, mahamirah
lan welasan. Katresnan Paduka mboten
limrah, ngantos mboten Paduka
tégakaken.
18 Sami damel brahala rupi lembu;
lajeng sami mungel, ‘Iki Allahmu, sing
ngirid lakumu saka tanah Mesir, saka
tanah pangawulan.’ Dhuh Allah, inggih

Paduka piyambak ingkang sami dipun
cecamah.
19 Wonten ing ara-ara samun menika
sami mboten Paduka tilar, mergi Paduka
kebak kawelasan. Tugu méga lan tugu
latu mboten Paduka icali, tetep dados
panuntunipun siang lan dalu.
20 Sami Paduka wulang srana pangwaos.
Sami nedha manna lan ngombé toya
saktuwukipun.
21 Sekawan dasa taun laminipun
wonten ing ara-ara, sami Paduka
cekapi kabetahanipun. Sandhanganipun
mboten naté risak, sukunipun mboten
sami abuh.
22 Sami Paduka paringi kemenangan
temah sami nelukaken bangsa lan kraton
kathah, mekaten ugi sedaya wilayah,
kitha lan negari ing sakiwa-tengenipun.
Hèsbon negarinipun Raja Sihon sami
dipun rebat. Basan negarinipun Raja Og
inggih dipun kawonaken.
23 Anak-turunipun Paduka damel
kathah kados lintang ing langit. Sami
Paduka paringi siti minangka pémahan,
lan negari, ingkang sampun Paduka
janjèkaken dhateng leluhuripun.

24 Tanah Kenaan sami dipun rebat,
pendudukipun Paduka telukaken. Umat
menika Paduka paringi pangwaos
tumindak ing sasenengipun dhateng
bangsa-bangsa lan raja-raja.
25 Umat Paduka ngrebati bètèng-
bètèng, siti ingkang loh, griya lan
raja-brana; ngrebat sumur ingkang
dipun kedhuk, kebon anggur, zaitun
lan wowohan sanèsipun. Sami lema-
lema mergi nedha ingkang dados
karemenanipun. Sedaya peparing
Paduka ingkang saé sami dipun nikmati.
26 Nanging umat Paduka sami mbrontak
lan mboten nglampahi dhawuh Paduka;
sami nilar angger-angger lan prenatan
Paduka, sami mejahi nabi-nabi ingkang
ngèngetaken, supados piyambakipun
sami wangsul dhateng Paduka, dhuh
Allah. Dhuh Pangéran, saben-saben
Paduka dipun cecamah déning umat
Paduka.
27 Pramila lajeng sami Paduka
ulungaken dhateng mengsahipun,
ngantos sami dipun jajah lan dipun
tindhes sarta dipun siya-siya. Nanging
salebeting kasisahanipun, lajeng sami
sesambat dhateng Paduka nyuwun

pitulungan. Saking swarga Paduka miyarsakaken, sarta paring wangsulan kanthi katresnan. Paduka ngutus pemimpin lan pahlawan ingkang ngluwari bangsa wau saking mengsah.
28 Nanging samangsa negarinipun tentrem, lajeng sami damel dosa malih. Pramila lajeng Paduka ulungaken malih dhateng panindhesé mengsah. Nanging samasa sami ènget lan nlangsa, sarta sesambat dhateng Paduka, nyuwun kawilujengan. Paduka miyarsa saking swarga, lajeng Paduka pitulungi malih, mergi Paduka asih sanget dhateng umat menika.
29 Sami Paduka èngetaken malih supados nurut dhateng dhawuh Paduka, nanging dhawuh Paduka sami dipun tampik kalayan angkuh. Mangka menawi dhawuh-dhawuh wau sami dipun turut, gesangipun mesthi badhé makmur. Pancèn umat Paduka sami wangkal lan wangkot ing manah, mboten purun nurut lan nglampahi dhawuh Paduka.
30 Saben taun Paduka èngetaken kalayan sabar, lantaran para nabi, Roh Paduka ngandika dhateng piyambakipun. Nanging umat Paduka sami nutupi

kupingipun, pramila lajeng Paduka
ulungaken dhateng bangsa-bangsa
manca.
31 Nanging sarèhné sih Paduka tanpa
wangenan, mila mboten Paduka tilar
utawi Paduka tumpes. Saèstu, Paduka
menika Allah ingkang mboten wonten
tandhingipun; ageng sih lan kamirahan
Paduka.
32 Dhuh Allah, Allah kawula ingkang
mahakwasa! Allah ingkang mahaluhur
lan ngédab-édabi! Paduka netepi sumpah
lan prasetyan Paduka, inggih sedaya
janji Paduka, Paduka tetepi lan Paduka
leksanani. Wiwit kala kawula sami
katindhes déning raja Asyur ngantos
samangké, kathah kasangsaran ingkang
kawula alami. Para raja kawula, para
imam, para nabi lan para pemimpin,
para leluhur lan rakyat, sedaya sampun
nandhang kasangsaran. Kasangsaran
menika mugi sampun ngantos Paduka
supèkaken! Sampun Paduka icalaken
saking penggalih Paduka!
33 Tindak Paduka menika leres, kawula
ingkang dosa sami Paduka ukum.
Paduka tetep setya, senajan kawula
sami nglawan.

34 Para leluhur kawula, para raja, para
nabi lan para pemimpin kawula, sami
nglanggar angger-angger Paduka lan
Paduka dipun rèmèhaken. Dhawuh lan
pepènget Paduka, mboten dipun gega
lan mboten dipun gatosaken.
35 Para raja lan umat Paduka berkahi
ngantos sami makmur. Paduka paringi
negari ingkang jembar, siti ingkang
subur. Éwasemanten tumindakipun
nasar, mboten purun sami ngabdi lan
ngabekti dhateng Paduka.
36 Samenika kawula sami dados
abdi Paduka, ing negari ingkang
Paduka paringaken dados pusaka. Siti
menika subur, kathah asilipun, ingkang
mesthinipun saged kawula nikmati.
37 Asilipun tanah menika kedah
kawula pasrahaken dhateng para
rajaning negari. Para pangwasa
menika Paduka angkat supados ngerèh
umat Paduka. Minangka ukumané
dosanipun rakyat dhateng Paduka,
pangrèhipun sawenang-wenang dhateng
kawula lan raja-raja kawula. Pramila
samenika kawula sami sangsara, tansah
ngraosaken ajrih lan sedhih!"

38 Merga lelakon-lelakon mau kabèh,
aku rakyat Israèl, padha gawé prejanjian
sing kukuh lan katulis, nganggo dicap
déning para penggedhé, para wong Lèwi
lan para imamku.

10 1 Sing dhisik dhéwé
nandhatangani prejanjian
mau Gubernur Néhémia bin Hakalya.
Banjur nusul: Zedekia. Sawisé mengkono
banjur wong-wong kasebut ing ngisor
iki.

2 Para imam: Seraya, Azarya, Yérémia,
Pasyhur, Amarya, Malkia, Hatus,
Sebanya, Maluk, Harim, Merémot,
Obaja, Dhanièl, Gineton, Baruk,
Mesulam, Abia, Minyamin, Maazya,
Bilgai, lan Semaya.

3 (10:2)

4 (10:2)

5 (10:2)

6 (10:2)

7 (10:2)

8 (10:2)

9 Wong-wong Lèwi: Yésua bin Azanya,
Benui tedhaké kaum Hénadad, Kadmièl,
Sebanya, Hodia, Kelita, Pelaya, Hanan,
Mikha, Réhob, Hasabya, Zakur, Sèrèbya,
Sebanya, Hosia, Bani lan Beninu.

10 (10:9)
11 (10:9)
12 (10:9)
13 (10:9)
14 Para pemimpiné bangsa: Paros,
Pahat-Moab, Élam, Zatu, Bani, Buni,
Azgad, Bébai, Adoniram, Bigwai, Adin,
Atèr, Hizkia, Azur, Hodia, Hasum, Bèzai,
Harif, Anatot, Nébai, Magpias, Mesulam,
Hézir, Mesézabeèl, Zadok, Yadua, Pélaca,
Hanan, Ananya, Hoséa, Hananya, Hasub,
Halohès, Pilha, Sobèk, Rehum, Hasabna,
Maaséya, Ahia, Hanan, Anan, Maluk,
Harim lan Baana.
15 (10:14)
16 (10:14)
17 (10:14)
18 (10:14)
19 (10:14)
20 (10:14)
21 (10:14)
22 (10:14)
23 (10:14)
24 (10:14)
25 (10:14)
26 (10:14)
27 (10:14)

28 Aku kabèh, rakyat Israèl, para imam,
para wong Lèwi, para tukang jaga
gapura Pedalemané Allah, para penyanyi
lan para karyawan ing Pedalemané
Allah, iya bojo lan anak-anakku sing wis
diwasa, sarta kabèh wong sing nglakoni
dhawuhé Allah lan wis pisah saka wong
manca sing manggon ing negaraku kéné.
29 Aku kabèh padha saiyeg karo para
pemimpinku lan aku padha sumpah
arep urip manut angger-anggeré Allah
kang wis kaparingaké lantaran Musa,
abdiné. Gusti Allah ngukuma aku yèn
aku ora netepi janji iki. Aku sumpah arep
nglakoni sakèhé dhawuh, angger-angger
prenatané Pangéran, Allahku.
30 Aku sumpah ora arep kawin karo
bangsa manca sing manggon ing
negaraku.
31 Yèn ana bangsa manca sing arep
ngedol gandum utawa barang apa waé
marang aku ing dina Sabbat utawa ing
dina suci liyané, aku emoh tuku. Saben
taun kang kapitu aku ora arep nggarap
palemahan lan ora arep nagih wong sing
utang marang aku.

32 Saben taun aku, saben wong siji
bakal nyumbang slaka 5 gram kanggo
ngrumat Pedalemané Allah.
33 Aku bakal nyawisaké barang-barang
sing dibutuhaké kanggo ngibadah ing
Pedalemané Allah, kayata roti sajèn,
gandum saosan pedinan, kéwan kanggo
kurban obongan pedinan, barang-
barang suci liyané, kurban-kurban
pangapuraning dosa kanggo Israèl,
lan apa waé sing dibutuhaké déning
Pedalemané Allah.
34 Aku, rakyat, para imam lan para
wong Lèwi saben taun arep gawé
undhian kanggo netepaké kulawarga
sing kudu nyawisaké kayu obong kanggo
kurban-kurban konjuk marang Pangéran,
Allahku, manut prenatané Torèt.
35 Aku saben taun arep nggawa
asilé gandum sing kawitan menyang
Pedalemané Allah, mengkono uga
wowohan sing mateng dhisik dhéwé ana
ing wit-witanku.
36 Anakku lanang sing mbarep bakal
dakjak sowan imam ana ing Pedalemané
Allah supaya disaosaké marang Allah,
manut prenatané Torèt. Mengkono uga
anaké kéwan-kéwanku sapi, wedhus

gèmbèl lan wedhus jawa sing lair dhisik
dhéwé.
37 Aku saben taun arep nggawa marang
para imam ing Pedalemané Allah
jladrèn gandum sing dipanèni dhisik
dhéwé, semono uga barang-barang
liya-liyané rupa anggur, lenga zaitun
lan woh-wohan rupa-rupa. Aku arep
nyaosaké saprasepuluhé pametuné
palemahanku marang wong Lèwi kang
nglumpukaké pisungsung tanem tuwuh
ing pedésan-pedésan.
38 Nanging yèn para wong Lèwi
nglumpukaké pisungsung mau kudu
dikanthèni para tedhaké Harun.
Saprasepuluhé pisungsung mau kabèh
kudu digawa déning wong Lèwi lan
kasimpen ing gadhangé Pedalemané
Allah.
39 Rakyat Israèl lan wong-wong
Lèwi kudu ajeg nggawa pisungsung
rupa gandum, anggur lan lenga
zaitun menyang gudhang sing kanggo
pacawisan, yakuwi panggonané
nyimpen prabot Pedalemané Allah. Ing
kono papan penginepané para imam
sing padha tugas, para tukang jaga
Pedalemané Allah lan para penyanyi.

Aku ora arep nglirwakaké kuwajiban ngrumati Pedalemané Allah.

11 1 Para pemimpin padha manggon ing Yérusalèm. Rakyat milih saka saben sepuluh brayat, brayat siji sing kudu manggon ing kutha suci Yérusalèm. Enggoné milih mau nganggo diundhi. Sing ora kepilih kena manggon ing kutha-kutha liyané.
2 Ing antarané brayat-brayat mau ana sing metu saka rilaning atiné dhéwé njaluk tetep manggon ing Yérusalèm, mula padha dialem déning rakyat.
3 Ing kutha-kutha liyané rakyat Israèl, para imam, para wong Lèwi, para pelayan Pedalemané Allah lan para turuné abdiné Suléman padha manggon ing pomahan duwèké dhéwé-dhéwé. Wong Yéhuda lan wong Bènyamin padha manggon ing Yérusalèm.
4 Wong-wong saka taler Yéhuda lan Bènyamin sing manggon ing Yéhuda yakuwi: Saka taler Yéhuda: Ataya bin Uzia, putuné Zakharia. Ing antarané leluhuré yakuwi: Amarya, Séfaca lan Mahalaléèl, Pèrès, Yéhuda. Cacahé 468, kabèh wong gagah prakosa. Maaséya bin Baruk, putuné Kolhozè. Ing antarané

leluhuré yakuwi: Hazaya, Adaya, Yoyarib,
Zakharia, Syéla, Yéhuda.
5 (11:4)
6 (11:4)
7 Para warga saka taler Bènyamin: Salu
bin Mesulam, putuné Yoèd. Ing antarané
para leluhuré yakuwi: Pédaya, Kolaya,
Maaséya, Itièl lan Yésaya. Gabai lan
Salai. Isih keprenah sedulur cedhak
karo Salu. Cacahé kabèh 928, dipimpin
déning
8 (11:7)
9 Yoèl bin Zikri lan wakilé, Yéhuda bin
Hasenua.
10 Para imam: Yoyada bin Yoyarib
lan Yakin, Seraya bin Hilkia, putuné
Mesulam. Ing antarané para leluhuré
yakuwi: Zadok, Merayot, Ahitub, sing
dadi Imam Agung.
11 (11:10)
12 Cacahé imam kabèh 822, padha
tugas ana ing Pedalemané Allah. Adaya
bin Yéroham, putuné Pelalya. Ing
antarané para leluhuré yakuwi: Amzi,
Zakharia, Pasyhur lan Malkia.
13 Lajer-lajeré brayat sing ana ing
kulawarga mau cacahé 242. Amasai bin

Asaréèl, putuné Anzai. Ing antarané para
leluhuré yakuwi: Mesilémot lan Imèr.
14 Ing kulawarga iki ana pahlawané 128
sing gagah prakosa. Pemimpiné jenengé
Zabdièl bin Gedolim.
15 Para wong Lèwi: Semaya bin
Hasub, putuné Azrikam. Ing antarané
leluhuré yakuwi: Hasabya lan Buni.
Sabbetai lan Yozabad, wong-wong Lèwi
penting sing ngawasi pegawéan ing
sanjabané Pedalemané Allah. Matania
bin Mikha, putuné Zabdi, turuné Azaf.
Kuwi pemimpiné para penyanyi ing
pangibadah sokuran. Babukya, wakilé
Matania. Abda bin Samua, putuné Galal,
turuné Yedhutun. Cacahé kabèh 284.
16 (11:15)
17 (11:15)
18 (11:15)
19 Para tukang jaga gapura: Akub,
Talmon lan sedulur-seduluré. Cacahé
kabèh 172.
20 Rakyat Israèl, para imam lan para
wong Lèwi liyané padha manggon
ing pomahané dhéwé-dhéwé ing
kutha-kutha Yéhuda.
21 Para karyawané Pedalemané Allah
padha manggon ing pérangané kutha

Yérusalèm sing jenengé Ofèl. Pemimpiné jenengé Ziha lan Gispa.
22 Pengawasé wong-wong Lèwi sing manggon ing Yérusalèm yakuwi Uzi lan Bani, putuné Hasabia. Ing antarané leluhuré yakuwi: Matania lan Mikha. Dhèwèké klebu kulawargané Asaf, sing tugasé ngurusi musik yèn ana pangibadah ing Pedalemané Allah.
23 Saben kaum gilirané ngurus musik ing Pedalemané Allah ditetepaké déning Sang Prabu.
24 Pétahya bin Mesézabeèl saka kaum Zérah, taler Yéhuda, dadi wakilé bangsa Israèl ing kedhaton Pèrsia.
25 Sing akèh-akèh rakyat manggon ing kutha-kutha adoh saka palemahané. Ana sawetara wong saka taler Yéhuda padha manggon ing antarané Bèrsyéba sisih Kidul lan Lebak Hinom sisih Lor. Wong-wong mau padha manggon ing kutha-kutha kasebut ing ngisor iki lan ing désa-désa sakiwa-tengené: Kiryat-Arba, Dibon, Yekabseèl, Yésua, Molada, Bèt-Pèlèt, Hazar-Sual, Mekhona, Èn-Rimon, Zora, Yarmut, Zanoah, Adulam, Azéka, Lakhis.
26 (11:25)

27 (11:25)
28 (11:25)
29 (11:25)
30 (11:25)
31 Ana wong sawetara saka taler
Bènyamin sing manggon ing Géba,
Mikmas, Ai, Bèthèl lan désa-désa
sacedhaké kono,
32 yakuwi ing Anatot, Nob, Ananya,
33 Hazor, Rama, Gitaim,
34 Hadid, Zéboim, Nébalat,
35 Lod, Ono lan ing Lebak Tukang-
tukang.
36 Ana pepanthané wong Lèwi sawetara
sing sadurungé kuwi manggon ing
daérah Yéhuda padha dikon manggon
karo wong-wong Bènyamin

12 1 Para imam lan wong Lèwi sing
padha bali saka pembuwangan
bebarengan karo Zérubabel bin Séaltièl
lan karo Imam Agung Yésua yakuwi:
2 Para imam: Seraya, Yérémia, Ézra,
Amarya, Maruk, Hatus, Sekhanya,
Rehum, Marémot, Idho, Ginetoi, Abia,
Minyamin, Maaja, Bilga, Semaya,
Yoyarib, Yédaya, Salu, Amok, Hilkia
lan Yédaya. Kuwi kabèh penggedhéné
imam-imam ing jamané Yésua.

3 (12:2)
4 (12:2)
5 (12:2)
6 (12:2)
7 (12:2)
8 Wong-wong Lèwi: Para pemimpiné
penyanyi kanggo kidung-kidung pamuji
yakuwi: Yésua, Binui, Kadmièl, Sèrèbya,
Yéhuda lan Matania.
9 Para warga penyanyi sing menyanyi
saur-sauran yakuwi: Bakbukia, Uni lan
sedulur-seduluré tunggal warga.
10 Garis tedhak-turuné Imam Agung
Yésua yakuwi: Yésua, Yoyakim, Èlyasib,
Yoyada,
11 Yedhutun, Yésua.
12 Daftaré para penggedhéné imam
lan kaum asalé saka jamané Yoyakim
nalika dadi Imam Agung: (Imam-Kaum);
Merayah-Seraya; Hananya-Yérémia;
Mesulam-Ézra; Yohanan-Amarya;
Yonatan-Meliku; Yusuf-Sebanya;
Adna-Harim; Hèlkai-Merayot; Zakharia-
Idho; Mesulam-Gineton; Zikri-Abia;
-Minyamin; Piltai-Moajah; Samua-Bilga;
Yonatan-Semaya; Matnai-Yoyarib;
Uzi-Yédaya; Kalai-Salai; Hèbèr-Amok;
Hasabia-Hilkia; Nétanéèl-Yédaya.

13 (12:12)
14 (12:12)
15 (12:12)
16 (12:12)
17 (12:12)
18 (12:12)
19 (12:12)
20 (12:12)
21 (12:12)
22 Daftaré para lajeré kulawargané wong Lèwi lan kulawargané para imam kabèh wis dicathet nalika jamané Imam Agung: Èlyasib, Yoyada, Yohanan lan Yadua. Cathetan mau rampungé dhèk jamané Darius dadi raja ing Pèrsia.
23 Nanging para lajeré kulawarga-kulawargané wong Lèwi mung kacathet tekan jamané Yonatan putuné Èlyasib.
24 Nalika dipimpin déning Hasabia, Sèrèbya, Yésua, Binui lan Kadmièl, wong-wong Lèwi diklompok-klompok, saben-saben ana rong klompok sing nglakoni tugas memuji marang Allah lan saos sukur srana saur-sauran, kaya prenatané Raja Dawud, abdiné Allah.
25 Para tukang jaga gapurané Pedalemané Allah tugasé jaga gudhang-gudhang barang tandhon ing sacedhaké

gapura-gapurané Pedaleman, yakuwi:
Matania, Bakbukia, Obaja, Mesulam,
Talmon lan Akub.
26 Kuwi kabèh wong-wong sing
nindakaké ayahané dhèk jamané
Gubernur Néhémia lan jamané ahli Torèt
Ézra.
27 Nalika témboké kutha Yérusalèm
disaosaké marang Pangéran, wong-wong
Lèwi saka endi-endi diklumpukaké,
supaya mèlu ngriayakaké kedadéan mau
srana menyanyi atur panuwun, dibarengi
musik gambus lan clempung.
28 Para penyanyi Lèwi mau banjur padha
nglumpuk saka daérah panggonané
sakiwa-tengené Yérusalèm lan saka
kutha-kutha sakubengé Netofa,
29 saka Bètgilgal Géba lan Azmawèt.
30 Para imam lan wong Lèwi padha
nucèkaké awaké, banjur iya nucèkaké
rakyat lan lawang-lawangé gapura lan
témboké kutha.
31 Para pemimpiné Yéhuda dakaturi
munggah ing témbok lan ngirid
rombongan gedhé loro sing bakal baris
ngubengi kutha, karo memuji sukur
marang Allah. Rombongan sing kapisan

baris ing ndhuwur témbok, mlaku
nengen, menyang Gapura Sampah.
32 Hosaya mlaku samburiné para
penyanyi, disusul para pemimpiné wong
Yéhuda.
33 Para imam kasebut ing ngisor
iki padha mlaku ing mburiné karo
ngunèkaké slomprèt: Azarya, Ézra,
Mesulam, Yéhuda, Bènyamin, Semaya
lan Yérémia. Disusul déning Zakharia bin
Yonatan, putuné Semaya. Ing antarané
para leluhuré yakuwi: Matania, Mikha,
Zakur saka kaum Asaf.
34 (12:33)
35 (12:33)
36 Para wargané kaum sing mlaku ana
ing mburiné yakuwi: Semaya, Azareèl,
Milalai, Gilalai, Maai, Nétanéèl, Yéhuda
lan Hanani. Kabèh padha nggawa alat
musik, kaya sing dienggo déning Raja
Dawud, abdiné Allah. Imam Ézra, ahli
Torèt, mlaku ing ngarepé barisan mau.
37 Bareng tekan Gapura Banyu
Mancur, banjur ménggok, munggah
undhak-undhakané Kuthané Dawud,
ngliwati kedhatoné Dawud, banjur bali
menyang témboké Gapura Banyu Mancur
sawétané kutha.

38 Golongan penyanyi sing kapindho
baris ing sandhuwuré témbok mengiwa.
Aku mèlu ngiringaké, bebarengan karo
rakyat sawetara. Enggoné baris metu
Menara Prapèn tekan Témbok Amba.
39 Banjur ngliwati Gapura Éfraim,
Gapura Lawas, Gapura Iwak, Menara
Hananéèl lan Menara Méa tekan Gapura
Wedhus Gèmbèl. Barisanku mandheg
ing Gapura Penjagan, sacedhaké
Pedalemané Allah.
40 Golongan penyanyi loro mau
wekasané anjog ing sacedhaké
Pedalemané Allah.
41 Kejaba para pemimpin, ing
kelompokku iya ana juru slomprèt,
yakuwi: Èlyakim, Maaséya, Minyamin,
Mikha, Alyoénai, Zakharia lan Hananya;
42 sing mlaku ing mburiné rombongan
mau: Maaséya, Semaya, Èléazar, Uzi,
Yohanan, Malkia, Élam lan Èzèr. Para
penyanyi mau dipimpin déning Yizrahya.
43 Ing dina kuwi akèh kurban sing
disaosaké marang Allah. Rakyat padha
seneng-seneng merga wis kaparingan
kabegjan déning Allah. Para wong wadon
lan bocah-bocah uga padha mèlu pésta,

giyak-giyaké swarané nganti keprungu
adoh.
44 Nalika semono ana wong sawetara
sing ditugasaké ngawasi gudhang sing
kanggo nyimpen barang-barang tandhon
lan pisungsung kagem Allah, klebu
pisungsung prasepuluhan, gandum
lan woh-wohan kawitan sing mateng
dhisik dhéwé. Para pengawas kudu
nglumpukaké pisungsung-pisungsung
mau saka palemahan-palemahan ing
kiwa-tengené kutha-kutha. Pisungsung
mau kudu dipasrahaké marang para
imam lan wong-wong Lèwi,
45 merga wong-wong kuwi sing
nindakaké upacara sesuci lan upacara-
upacara liyané sing didhawuhaké déning
Allah. Para ahli musik lan para tukang
jaga Gapura Pedalemané Allah iya padha
nglakoni tugasé manut prenatané Sang
Prabu Dawud lan Suléman, putrané.
46 Wiwit jamané Raja Dawud lan ahli
musik Asaf, para penyanyi wis padha
nglagokaké kidung-kidung pamuji sokur
kagem Allah.
47 Dhèk jamané Zérubabel lan uga
jamané Néhémia, rakyat Israèl kabèh
nyaosaké pisungsung kanggo nyukupi

kebutuhané pedinan para penyanyi lan
para tukang jaga Pedalemané Allah.
Rakyat padha nyaosaké pisungsung
mligi kanggo para wong Lèwi lan para
wong Lèwi padha nyaosaké marang para
imam, kaya sing wis ditetepaké.

13 1 Nalika Torèté Musa diwacakaké
marang rakyat, ana ketrangan
sing uniné mengkéné: "Wong Moab lan
wong Amon babar-pisan ora kena amor
karo umaté Allah;
2 sebab nalika bangsa Israèl metu
saka tanah Mesir, bangsa loro kuwi ora
gelem mènèhi pangan lan banyu marang
wong Israèl. Malah wis padha nyéwa
Biléam supaya nyupatani bangsa Israèl.
Nanging Allah wis malik ipat-ipat mau
dadi berkah."
3 Bareng krungu mengkono mau wong
manca kabèh banjur diwetokaké saka
ing antarané wong Israèl.
4 Sadurungé kuwi Imam Èlyasib, sing
ditugasaké ngawasi gudhang kanggo
nyimpen tandhon ing Pedalemané Allah,
bésanan karo Tobia.
5 Èlyasib ngidinaké Tobia ngenggoni
kamar gedhé sing dicawisaké kanggo
nyimpen pisungsung gandum, menyan,

prabot sing dienggo ana ing Pedalemané
Allah, pisungsung sing kanggo para
imam, gandum prasepuluhan, anggur,
lan lenga zaitun, sing didum-dum
marang wong Lèwi, para ahli musik lan
tukang jaga gapurané Pedalemané Allah.
6 Nalika semono aku lagi ora ana ing
Yérusalèm, sebab nalika taun kang
kaping 32 pepréntahané Artahsasta, raja
Babil, aku lagi menyang Babil, ngaturaké
lapuran marang Sang Prabu. Bareng wis
sawetara suwé aku diparengaké
7 mulih menyang Yérusalèm. Satekaku
ing kono, aku kagèt déné Èlyasib awèh
pamondhokan marang Tobia ana ing
Pedalemané Allah.
8 Aku nepsu banget. Barang-barangé
Tobia nuli dakbuwang saka kamar mau.
9 Sawisé mengkono, aku akon
nganakaké upacara kanggo nucèkaké
kamar-kamar mau. Sarupané
pisungsung gandum, menyan, lan
prabot-praboté Pedalemané Allah banjur
dakbalèkaké mrono.
10 Kejaba kuwi aku ngerti yèn para
ahli musik lan wong-wong Lèwi padha
lunga saka Yérusalèm, bali menyang

pomahané dhéwé-dhéwé, merga
kebutuhané ora dicukupi déning rakyat.
11 Para pemimpin banjur dakwelèhaké
merga ora padha ngrumat Pedalemané
Allah. Wong-wong Lèwi banjur
dakundang menèh, semono uga para
ahli musik padha dakkon nyambut-gawé
menèh.
12 Sawisé mengkono rakyat Israèl
kabèh padha ngaturaké pisungsungé
prasepuluhan rupa gandum, anggur lan
lenga zaitun, digawa menyang gudhang
panggonané nyimpen tandhon.
13 Aku banjur nugasaké wong-wong sing
ngawasi gudhang-gudhang simpenan
mau, yakuwi: Imam Selèmya, Zadok ahli
Torèt, lan Pédaya, wong Lèwi. Hanan
bin Zakur putuné Matanya dakkon
mbiyantu wong-wong mau. Aku ngerti
yèn wong-wong mau kena diprecaya
lan bakal ngedum pangan mau marang
kanca-kancané klawan adil.
14 "Dhuh Allah, mugi kersa ngèngeti
samukawis ingkang sampun kawula
tindakaken wonten ing Pedaleman
Paduka menika."
15 Nalika semono aku weruh wong
sawetara ing Yéhuda padha meres

anggur ing dina Sabbat. Ana menèh sing
momoti kuldiné karo gandum, anggur,
kismis, woh ara, lan barang-barang
liyané, digawa menyang Yérusalèm.
16 Ana wong sawetara saka Tirus sing
manggon ing Yérusalèm, padha nggawa
iwak lan barang dagangan rupa-rupa
menyang Yérusalèm ing dina Sabbat,
arep didol marang rakyat.
17 Para pemimpin Yahudi nuli
dakwelèhaké lan dakélikaké mengkéné,
"Apa kowé padha ngerti yèn kowé wis
padha gawé piala merga wis najisaké
dina Sabbat?
18 Iya merga dosa sing mengkéné-
mengkéné iki para leluhur kita padha
diukum déning Allah lan kutha iki
digempur. Apa kowé saiki arep nambahi
dukané Allah marang Israèl srana
enggonmu najisaké dina Sabbat?"
19 Mulané aku banjur préntah supaya
lawang-lawangé gapura ditutup
ngarepaké dina Sabbat, yakuwi dina
Jemuwah soré lan ora kena dibukak
sadurungé dina Sabbat rampung, yakuwi
dina Sabtu soré. Saben lawangé gapura
dakkon njaga wong-wongku, dakkon

ngawasi supaya ing dina Sabbat aja ana
barang dagangan digawa mlebu kutha.
20 Nanging ana kalané para sudagar
lan wong dodolan padha nginep ing
sanjabané témbok ing dina Jemuwah
bengi.
21 Wong-wong mau padha dakkandhani,
"Ora ana gunané kowé nunggu tekan
ésuk. Awas, yèn kowé nindakaké sing
kaya mengkono sepisan engkas, kowé
mesthi dakcekel!" Wiwit nalika kuwi
wong-wong mau padha ora teka menèh
ing dina Sabbat.
22 Aku banjur akon wong-wong Lèwi
padha nucèkaké awaké lan jaga
lawanging gapura, kanggo ngawasi
supaya saben wong padha nucèkaké
dina Sabbat. Pandongaku marang Allah,
"Dhuh Allah, mugi kersa ngèngeti
kawula ing prekawis-prekawis menika,
lan kersaa melasi dhateng kawula
srana kawelasan Paduka ingkang tanpa
wangenan."
23 Ing wektu semana aku iya weruh
akèh wong Yahudi sing padha kawin karo
wong wadon bangsa Asdod, Amon lan
Moab.

24 Temah anak-anaké ana sing ora
ngerti basa Yahudi, sing dingertèni mung
basa Asdod utawa basa manca liyané.
25 Wong-wong mau padha dakwelèhaké
lan dakélikaké. Ana sing dakgebugi lan
dakjambak rambuté. Sawisé mengkono
banjur padha dakkon sumpah demi Allah
yèn dhèwèké lan anak-anaké ora bakal
kawin karo wong manca menèh.
26 Tembungku, "Apa ora dosa sing
mengkono kuwi sing dilakoni déning Raja
Suléman? Sajagad iki ora ana raja sing
kaluhurané ngungkuli Suléman. Suléman
dikasihi déning Allah lan didadèkaké
raja ing ngatasé tanah Israèl kabèh.
Éwasemono panjenengané isih kena
digodha déning wong wadon-wadon
manca nganti nglakoni dosa.
27 Kowé wis nglakoni duraka gedhé
banget, déné kowé wani-wani kawin
karo wong wadon bangsa manca!"
28 Yoyada kuwi putrané Imam Agung
Èlyasib, nanging anaké Yoyada ana
sing dadi mantuné Sanbalat saka kutha
Bèt-Horon. Mulané Yoyada banjur
daktundhung saka Yérusalèm.
29 Pandongaku, "Dhuh Allah kawula,
kersaa ngèngeti kadospundi tiyang-

tiyang menika enggènipun sampun
njemberi kalenggahan imam lan
najisaken prejanjian Paduka kaliyan para
imam lan para tiyang Lèwi!"
30 Kaya mengkono enggonku ngresiki
bangsa Israèl saka sakèhé pengaruhé
wong manca.
31 Aku wis gawé tatanan supaya ing
wektu-wektu sing wis ditemtokaké ana
kayu cemawis kanggo kurban lan supaya
rakyat bisa nyaosaké pisungsungé rupa
gandum sing dienèni dhisik dhéwé lan
woh-wohan sing mateng dhisik dhéwé.
Wusana aku ndedonga, "Dhuh Allah,
kersaa ngèngeti menika sedaya, lan
kersaa melasi dhateng kawula."

Ester

1 [1] Akhaswéros, raja Pèrsia, kedhatoné
ana ing Susan, ibu kotané tanah
Pèrsia. Negara mau mbawahaké propinsi
satus pitulikur, wiwit saka India tekan
Sudan.
[2] (1:1)
[3] Nalika pepréntahané nyandhak taun
kateluné, Raja Akhaswéros nganakaké
pésta gedhèn, ngulemi para penggedhé
lan para pegawéné kabèh. Tentara Pèrsia
lan tentara Média iya padha teka ing
pésta mau. Semono uga para gubernur
lan kaum bangsawan propinsi.
[4] Sang Prabu nganakaké paméran,
mamèraké kasugihané, kaéndahané
sarta kaluhuraning kepraboné.
[5] Sawisé mengkono Sang Prabu nuli
nganakaké pésta menèh kanggo rakyat
ing Susan kabèh, wiwit sing sugih
tekan sing miskin pisan. Pésta mau
lawasé seminggu lan dianakaké ana ing
kedhaton.
[6] Pekarangané kedhaton dihias nganggo
gordhèn kain léna biru lan putih, ditalèni

nganggo tali léna alus lan digandhulaké
nganggo gelang-gelangan saka slaka
ana ing cagak-cagak marmer. Ing
ngisoré gordhèn-gordhèn mau didokoki
dipan-dipan saka emas lan slaka,
jrambahé dihias nganggo marmer putih,
kristal abang, kerang mutiara sing
mengkilap lan watu pirus biru.
7 Anggur sing disuguhaké Sang Prabu
lubèr-lubèr. Wadhahé tuwung emas sing
rupané manéka-warna.
8 Para tamu enggoné ngombé anggur
ora diwatesi, lan iya ora dipeksa
ngombé anggur. Sang Prabu ndhawuhi
wong-wong sing ladèn, supaya saben
tamu diladèni miturut kasenengané
dhéwé-dhéwé.
9 Sang Ratu Wasti uga nganakaké pésta
dhéwé kanggo para putri ing kedhaton.
10 Kecrita ing dina kapituné, sawisé
Sang Prabu ngunjuk lan rena ing galih
banjur nimbali abdi kedhaton pilihan
pitu, yakuwi Mehuman, Bizta, Harbona,
Bigta, Abagta, Zétar lan Karkas.
11 Wong mau padha didhawuhi ngaturi
Sang Ratu Wasti ngadhep Sang Prabu
karo ngagem makutha kraton. Sang
Ratu kuwi ayu banget lan Sang Prabu

kepéngin mamèraké Sang Ratu mau
marang para penggedhé lan tamuné
kabèh.
12 Nanging bareng para abdi mau
ngaturaké dhawuhé Sang Prabu marang
Ratu Wasti, panjenengané ora kersa
ngadhep, mula Sang Prabu duka banget.
13 Sang Prabu lumrahé mundhut
panemuné para ahli ing bab-bab sing
magepokan karo hukum lan ketertiban.
Mulané banjur nimbali para penaséhat
sing ngerti apa sing kudu ditindakaké.
14 Para penaséhat sing kerep dhéwé
ditimbali Sang Prabu yakuwi Karséna,
Sétar, Admata, Tarsis, Mèrès, Marséna
lan Memukan. Kuwi kabèh punggawa-
punggawa Pèrsia lan Média sing dhuwur
dhéwé pangkaté ana ing kratoné Sang
Prabu.
15 Sang Prabu ngandika marang
wong pitu mau mengkéné, "Aku wis
ngutus abdi-abdiku sowan Ratu Wasti
dakdhawuhi rawuh. Nanging ora kersa.
Manut prenatan aku kudu tumindak
kepriyé?"
16 Memukan banjur matur marang Sang
Prabu lan para penggedhé mengkéné,
"Tumindakipun Ratu Wasti ingkang

mekaten menika mboten namung
nyepèlèkaken Sang Prabu kémawon,
nanging ugi dhateng para punggawa lan
para abdi sedaya, malah dhateng saben
tiyang jaler ing negari ngriki!
17 Prekawisipun Ratu Wasti menika
badhé kasumerepan déning tiyang
èstri sedaya, temah lajeng sami badhé
nyepèlèkaken sémahipun. Tiyang-tiyang
èstri wau badhé mungel, bilih Sang Prabu
sampun nimbali Ratu Wasti supados
sowan, nanging Sang Ratu mboten kersa
marek.
18 Mila menawi para garwanipun
pengageng ing Pèrsia lan Média sami
mireng ingkang mekaten menika,
temtu lajeng énggal-énggal badhé
ngaturi pirsa dhateng kakungipun
piyambak-piyambak. Wusana para
garwa wau badhé mboten manut
dhateng kakungipun lan para kakung
lajeng badhé duka dhateng para garwa.
19 Pramila saking pemanggih kula
prayogi menawi Sang Ratu selaminipun
dipun awisi marek. Putusan menika
kadadosna undhang-undhang Pèrsia
lan Média, supados mboten kénging
dipun jabel malih. Sesampunipun

menika Ratu Wasti kalèngsèra saking
kalenggahanipun, sarta kalenggahan
wau kaparingna dhateng tiyang sanès,
ingkang langkung saé tinimbang
piyambakipun.
20 Menawi putusan panjenengan menika
kawartosaken wradin sanegari sedaya,
saben tiyang èstri temtu badhé ngurmati
sémahipun, dadosa sugih utawi miskin."
21 Usulé Memukan mau ditampi déning
Sang Prabu lan para penggedhé kabèh,
mulané banjur énggal dileksanani.
22 Sang Prabu nuli ndhawuhaké marang
propinsi-propinsi sanegara kabèh
nganggo basa lan aksarané propinsi-
propinsi mau dhéwé-dhéwé. Dhawuh
mau surasané: Ing saben brayat, wong
lanang kudu dadi kepala, sing wenang
gawé putusan.

2 1 Ora wetara suwé, senajan Sang
Prabu wis lilih dukané, isih terus
menggalih apa sing ditindakaké
déning Ratu Wasti lan putusan tumrap
penggawéné.
2 Mulané para penaséhaté sing celak
karo Sang Prabu padha ngusulaké
mengkéné, "Prayoginipun Sang Prabu

mundhut putri-putri prawan ingkang ayu-ayu.
3 Pramila kersaa ngangkat punggawa-punggawa ing saben propinsi ing negari menika kadhawuhana pados putri-putri prawan ingkang ayu-ayu, lajeng kabekta dhateng keputrèn ing kedhaton Susan ngriki. Hégai, pengageng ingkang kapatah ngreksa keputrèn menika, kadhawuhana ngurusi putri-putri wau lan ngupakara ayuning warninipun.
4 Sesampunipun menika Sang Prabu kersaa milih putri pundi ingkang dipun renani piyambak. Putri menika kadadosna pramèswari lintunipun Ratu Wasti." Sang Prabu rujuk karo usul mau, nuli ditindakaké.
5 Ing kutha Susan kono ana wong Yahudi jenengé Mordekhai bin Yair. Wong mau tedhaké Kis lan Simèi saka taler Bènyamin.
6 Mordekhai ditawan nalika Yérusalèm ditelukaké déning Nebukadnésar, raja Babil. Enggoné ditawan mau bareng karo Yoyakhin, raja Yéhuda lan isih akèh menèh barengané.
7 Mordekhai mau duwé keponakan, prawan ayu sing pawakané lencir,

jenengé Èster, iya disebut Hadasa. Èster mau bocah lola lan dipèk anak déning Mordekhai, dirumati kaya anaké dhéwé.
8 Bareng dhawuhé Sang Prabu diumumaké, akèh prawan ing Susan sing diklumpukaké, klebu uga Èster. Dhèwèké digawa menyang kedhaton lan dipasrahaké marang Hégai, sing ngepalani keputrèn.
9 Bareng weruh Èster, Hégai gumun banget lan seneng karo bocah mau. Èster énggal-énggal diupakara lan diwènèhi pangan mirunggan[a] supaya tambah ayuné. Èster dielih ing kamar keputrèn sing apik dhéwé, lan diparingi réwang prawan pitu sing nyambut-gawéné cékat-cèket, saka kedhatoné Sang Prabu.
10 Èster netepi piwelingé Mordekhai, dipenging kandha yèn dhèwèké kuwi wong Yahudi.
11 Mordekhai saben dina mlaku-mlaku ing taman sing ana ing ngarepé keputrèn mau, supaya krungu kabar bab kaanané Èster lan kepriyé nasibé.
12 Miturut tatanan ing kono, prawan-prawan mau diupakara kaéndahaning

---

[a]mirunggan: khusus (bhs. Ind.).

rupané suwéné setaun. Nem sasi awaké diborèhi nganggo lenga karo menyan, lan nem sasi menèh diborèhi nganggo lenga dicampur karo wangèn-wangèn liyané. Sawisé mengkono saben prawan giliran disowanaké Sang Prabu Akhaswéros.

13 Samasa arep ngadhep Sang Prabu, prawan mau kena menganggo apa waé sing disenengi.

14 Prawan mau digawa menyang kedhaton ing wayah bengi, lan ésuké digawa menyang keputrèn liyané. Ana ing kana diurus déning Saagas, abdi sing ngurusi para seliré Sang Prabu. Prawan mau saterusé ora bakal ngadhep marang Sang Prabu menèh, kejaba yèn dikersakaké déning Sang Prabu lan ditimbali karo nyebut jenengé.

15 Kecrita Èster olèh giliran ngadhep Sang Prabu. Èster kuwi anaké Abihail; Mordekhai sing mupu Èster kuwi pamané. Èster dirumat kaya anaké dhéwé. Saben wong gumun ndeleng ayuné bocah wadon mau. Nalika ngadhep Sang Prabu Èster menganggo manut pituduh lan pamrayogané Hégai, punggawa kedhaton sing ngepalani keputrèn.

16 Ing taun kapituné pepréntahané Akhaswéros, sasi ping sepuluh, yakuwi sasi Tèbèt, Èster disowanaké Sang Prabu Akhaswéros ing kedhatoné.
17 Èster gawé renaning penggalihé Sang Prabu, ngungkuli prawan liya-liyané. Mulané dikasihi déning Sang Prabu. Sang Prabu banjur masang makuthaning kraton ana ing sirahé Èster lan ngangkat Èster dadi pramèswariné, nggentèni Ratu Wasti.
18 Sawisé mengkono Sang Prabu nganakaké pésta gedhèn kanggo ngurmati Èster, ngulemi para punggawa lan para penggedhé kabèh. Sanegara kabèh diparingi libur déning Sang Prabu. Panjenengané uga ngedum ganjaran kanthi loma.
19 Kecrita Mordekhai diangkat déning Sang Prabu dadi punggawa negara.
20 Èster durung matur marang Sang Prabu yèn dhèwèké kuwi wong Yahudi, merga dipenging déning Mordekhai. Mangka Èster nurut marang Mordekhai, pamané mau.
21 Ing sawijining dina nalika Mordekhai lagi nyambut-gawé ing kedhaton, ana punggawa kedhaton loro, yakuwi Bigtan

lan Tèrès, padha sarembug arep nyédani
Sang Prabu Akhaswéros, merga padha
sengit marang panjenengané.
22 Rancangan mau keprungu déning
Mordekhai; Mordekhai banjur énggal-
énggal kandha karo Èster. Èster ora
sranta, nuli ngaturaké marang Sang
Prabu apa sing dirungu saka Mordekhai
mau.
23 Bareng prekarané ditliti ketitik yèn
laporan mau bener. Wong loro mau
diukum gantung. Lelakon iki dicathet
ing buku sejarahé negara atas dhawuhé
Sang Prabu.

3 1 Ora wetara suwé Sang Prabu
Akhaswéros ngangkat wong jeneng
Haman dadi perdana menteri. Haman
kuwi anaké Hamedata, tedhaké Agag.
2 Sang Prabu ndhawuhaké marang para
punggawa kabèh supaya padha ngurmati
Haman srana sujud ing ngarepé. Wong
kabèh padha nurut marang dhawuh
mau, kejaba Mordekhai.
3 Para punggawa kedhaton padha takon
marang Mordekhai apa sebabé dhèwèké
nerak dhawuhé Sang Prabu,
4 lan saben dina Mordekhai dibujuk
supaya gelem nuruti dhawuh mau,

nanging tetep ora gelem. Wangsulané,
"Aku iki wong Yahudi. Aku ora kena
sujud ing ngarepé manungsa." Prekara
mau banjur dilapuraké marang Haman,
merga kepéngin weruh apa sing bakal
ditindakaké déning Haman marang
Mordekhai.
5 Bareng krungu y èn Mordekhai ora
gelem sujud, Haman nepsu banget.
6 Nalika krungu yèn Mordekhai kuwi
wong Yahudi, Haman niyaté arep
ngukum Mordekhai. Malah ora mung
Mordekhai waé, wong Yahudi kabèh sing
ana ing negara Pèrsia arep ditumpes.
7 Nalika pepréntahané Raja Akhaswéros
nyandhak taun ping rolas, ing sasi siji,
yakuwi sasi Nisan, Haman kongkonan
nggawé undhi, sing disebut "Purim,"
kanggo meruhi dina endi sing becik
kanggo ngleksanani niyaté sing ala mau.
Mulané banjur netepaké tanggal telulas,
sasi rolas, yakuwi sasi Adar.
8 Haman matur marang Sang Prabu,
"Dhuh Sang Prabu. Wonten bangsa anèh
ingkang sumebar ing saben propinsi
ing negari menika. Adat tatacaranipun
béda sanget kaliyan bangsa-bangsa
sanèsipun. Sami mboten tundhuk

dhateng hukum-hukumipun negari.
Pramila prayogi menawi bangsa menika
mboten dipun kèndelaken tumindak
sasekécaning manahipun piyambak.
9 Menawi Sang Prabu kepareng ing
galih, prayogi menawi Sang Prabu ngasta
serat keputusan kanggé numpes bangsa
menika. Menawi Sang Prabu kersa nampi
usul kula, mesthi kula saged nglebetaken
slaka 340.000 ing kas negari."
10 Mireng atur mengkono mau,
Sang Prabu nuli nglolos sesupé kang
diagem kanggo ngecap pengumuman-
pengumuman resmi. Sesupé mau
diparingaké marang Haman, mungsuhé
bangsa Yahudi sing gedhé dhéwé.
11 Pangandikané Sang Prabu, "Bangsa
kuwi lan bandhané dakpasrahaké
marang kowé. Tindakna sasenengé
atimu."
12 Kecrita nalika tanggal telulas sasi
kapisan, Haman nglumpukaké para
sèkretarisé Sang Prabu. Banjur padha
dikon gawé layang kaya sing dikarepaké.
Layang mau banjur disalin ing basa-basa
kabèh lan ditulis nganggo aksara-aksara
sing dingertèni wong ing wilayah mau.
Layangé ditulis atas asmané Sang

Prabu Akhaswéros lan dicap nganggo sesupéné, banjur dikirim kilat menyang para pangwasa, gubernur lan penggedhé ing propinsi-propinsi kabèh. Surasané préntah, supaya mbésuk tanggal telulas sasi Adar, bangsa Yahudi kabèh, nom tuwa, wong wadon lan bocah-bocah, kudu dipatèni kabèh lan bandhané kudu dirampas.

13 (3:12)

14 Préntah mau kudu diumumaké ing saben propinsi, supaya wong kabèh ing dina mau wis siaga.

15 Para utusan énggal budhal ngeteraké layang-layang mau marang propinsi-propinsi kabèh. Atas préntahé Sang Prabu layang-layang mau iya diumumaké ing Susan, ibu kotané Pèrsia. Sawisé mengkono Sang Prabu lan Haman padha lenggahan ngunjuk anggur; nanging kutha Susan bareng krungu kabar mau gègèran.

4 1 Nalika krungu lelakon mau Mordekhai banjur nyuwèk sandhangané lan nganggo sandhangan bagor, kanggo nélakaké yèn atiné sedhih banget. Sirahé diwur-wuri awu,

banjur mlaku sedalan-dalan karo nangis
nggero-nggero.
2 Tekan ngarep gapurané kedhaton
Mordekhai mandheg, merga wong sing
nganggo sandhangan bagor ora kena
mlebu.
3 Ing propinsi-propinsi wong Yahudi iya
padha tangisan lan ngadhuh-adhuh sarta
akèh sing padha nganggo sandhangan
bagor, karo turon ing awu.
4 Nalika abdi-abdi keputrèn lan
punggawa kraton sing ngladèni Èster
nyaritakaké lelakoné Mordekhai,
Èster atiné sedhih banget. Mordekhai
dikirimi sandhangan kanggo ngganti
sandhanganė bagor, nanging Mordekhai
emoh nampani.
5 Èster banjur nimbali Hatak, abdi
sing ditugasaké déning Sang Prabu
ngladèni Èster. Hatak diutus takon
marang Mordekhai ana apa lan yagéné
Mordekhai tumindak mengkono.
6 Hatak banjur marani Mordekhai ing
alun-alun, sacedhaké gapuraning kraton.
7 Mordekhai nyaritakaké lelakon sing
lagi dialami lan dhuwit slaka pira sing
dijanjèkaké Haman arep disetoraké

marang kas negara, sawisé wong Yahudi
kabèh kelakon ditumpes.
8 Hatak dikon maca turunané layang
sing diserat déning Sang Prabu ing
Susan, sing isi préntah numpes wong
Yahudi kabèh. Hatak dikon nggawa
layang mau menyang Èster lan awèh
ketrangan pisan. Mordekhai uga njaluk
supaya Èster ngadhep marang Sang
Prabu nyuwun sih-kawelasan kanggo
bangsané.
9 Hatak banjur nemoni Èster lan
ngaturaké apa sing dikandhakaké déning
Mordekhai.
10 Nanging Hatak dikon bali marang
Mordekhai karo kandha mengkéné,
11 "Saben wong, lanang apa wadon
sing sowan Sang Prabu ing petamanan
njero tanpa ditimbali, kudu diukum pati.
Mengkono prenatané lan saben wong,
wiwit saka penaséhaté Sang Prabu tekan
rakyat ing propinsi-propinsi pisan padha
ngerti. Mung ana saprekara sing bisa
ngoncati prenatan mau, yakuwi samasa
Sang Prabu ngathungaké tekené emas
marang wong mau. Yèn kuwi kelakon,
wong mau slamet. Nanging wis sesasi iki
aku ora ditimbali Sang Prabu."

12 Hatak nerusaké tembungé Èster mau marang Mordekhai.

13 Mordekhai banjur weling marang Èster mengkéné, "Aja ngira yèn kowé luwih aman tinimbang wong Yahudi liyané, merga kowé manggon ana ing kedhaton!

14 Wong Yahudi mesthi olèh pitulungan embuh kepriyé carané, nanging mesthi slamet. Nanging yèn ing kaanan sing mengkéné iki kowé meneng waé, kowé dhéwé bakal nemahi mati, semono uga brayaté bapakmu bakal katumpes. Sapa ngerti, yèn enggonmu dadi ratu kuwi supaya tumindak ing kaanan sing kaya mengkéné iki!"

15 Mulané Èster banjur weling marang Mordekhai mengkéné,

16 "Wong Yahudi sing ana ing Susan klumpukna kabèh supaya padha ndongakaké aku. Padha nglakonana pasa telung dina telung bengi. Aku lan para réwangku iya arep pasa. Sawisé mengkono aku dakngadhep ing ngarsané Sang Prabu, senajan srana mengkono aku nglanggar prenatané. Yèn aku pinesthi mati merga prekara iki, karebèn aku mati!"

17 Mordekhai banjur lunga nindakaké
welingé Èster.

5 1 Bareng enggoné pasa nyandhak
telung dina, Èster banjur nganggo
sandhangan ratu, lunga menyang
petamanan kraton sisih njero. Sang
Prabu lagi pinarak ing dhampar
ngadhepaké lawang.
2 Bareng pirsa Èster ana ing njaba, Sang
Prabu runtuh welasé, mulané banjur
ngathungaké tekené emas marang Èster.
Èster nuli maju ndumuk pucuké teken
mau.
3 Sang Prabu banjur ndangu,
"Pramèswariku, ana apa? Kepéngin apa?
Matura! Senajan sing koksuwun separoné
kratonku, iya bakal dakleksanani!"
4 Atur wangsulané Èster, "Menawi Sang
Prabu dhangan ing penggalih, kersaa
Sang Prabu lan Haman rawuh ing bujana
ingkang badhé kula wontenaken kagem
Sang Prabu."
5 Sang Prabu utusan nimbali Haman
supaya énggal teka, ngleksanani
ulemané Èster. Nuli padha rawuh ing
bujanané Èster.
6 Bareng ngunjuk anggur Sang Prabu
ndangu, "Saiki matura, apa sing

kokkarepaké? Apa waé sing koksuwun
bakal dakparingaké, senajan nganti
separoné kratonku pisan!"
7 Atur wangsulané Èster,
8 "Menawi dhangan ing penggalih mugi
Sang Prabu lan Haman mbénjing-énjing
sonten kersa rawuh malih ing bujana
kula. Wonten ing ngriku mangké kula
badhé ngaturaken menapa ingkang
dados panyuwun kula."
9 Bali saka bujanané Ratu Èster Haman
atiné bungah banget. Nanging bareng
lakuné tekan gapuraning kedhaton
Haman weruh Mordekhai. Mordekhai ora
ngadeg lan mbungkuk ngurmati. Mulané
Haman nepsu banget,
10 nanging nepsuné mau diampet
nganti tekan omah. Bareng wis tekan
omah, Haman banjur ngundang kanca-
kancané, semono uga Zèrès, bojoné,
diajak lungguhan.
11 Haman banjur umuk lan nyritakaké
kasugihané, anak-anaké lanang, pangkat
dhuwur sing diparingaké Sang Prabu
marang dhèwèké, semono uga bab
drajaté sing ngungkuli para punggawa
liyané.

12 Malah banjur muni mengkéné, "Tekan Ratu Èster pisan nalika nganakaké bujana, sing diaturi mung Sang Prabu lan aku dhéwé. Sésuk bengi aku diulemi menèh.
13 Éwasemono kuwi kabèh ora ana tegesé selawasé aku ndeleng Mordekhai lungguh ing gapuraning kedhaton."
14 Krungu sing mengkono mau bojoné lan kanca-kancané kabèh banjur ngusulaké mengkéné, "Akona gawé cagak kanggo nggantung, sing dhuwuré rong puluh mèter. Banjur sésuk-ésuk kowé nyuwuna idin marang Sang Prabu nggantung Mordekhai ing cagak mau. Srana mengkono kowé sésuk bisa nekani bujana kuwi kanthi ati lega." Usul mau miturut Haman becik banget, mulané énggal-énggal préntah wong gawé cagak gantungan.

6 1 Kecrita bengi kuwi Sang Prabu ora bisa saré. Mulané utusan njupuk buku cathetan sejarahé kraton lan dhawuh macakaké.
2 Ing kono dicritakaké yèn Mordekhai nglapuraké ana komplotan arep nyédani Sang Prabu. Sing sarembug mau Bigtan

lan Tèrès, loro-loroné abdi sing njaga
kamaré Sang Prabu.

3 Sang Prabu ndangu, "Apa Mordekhai
wis diurmati lan apa sing wis diparingaké
kanggo males lelabuhané?" Aturé abdi
kang kadangu, "Tiyang menika mboten
angsal menapa-menapa."

4 Sang Prabu ndangu menèh, "Sapa
sing saiki ana ing plataran?" Dumadakan
Haman mlebu ing plataran kedhaton.
Karepé arep nyuwun idin marang
Sang Prabu enggoné arep nggantung
Mordekhai ing gantungan sing wis
didegaké.

5 Para abdi padha matur marang Sang
Prabu, "Menika Haman wonten, badhé
sowan Sang Prabu." Dhawuhé Sang
Prabu, "Konen mlebu."

6 Bareng Haman wis mlebu banjur
didangu, "Ana wong sing arep dakurmati
gedhèn. Apa sing kudu daktindakaké
kanggo wong kuwi?" Haman mikir, "Sapa
menèh sing arep diparingi pakurmatan
gedhèn déning Sang Prabu kejaba aku!"

7 Mulané banjur ngaturi wangsulan
mengkéné, "Tiyang menika dipun
anggènana penganggé ingkang
limrahipun dipun agem déning Sang

Prabu piyambak. Lajeng kapal titihanipun Sang Prabu dipun pacaki mawi hiasan keprabon.

8 (6:7)

9 Lajeng wontena piyantun luhur ingkang nganggèkaken ageman wau dhateng tiyangipun, sarta ngarak tiyang wau kalayan numpak kapal mubeng kitha. Priyantun luhur wau tindaka ing ngajengipun tiyang wau kaliyan mungel sora, ‘Mengkéné carané Sang Prabu ngurmati lan paring piwales marang wong sing nglabeti panjenengané!’"

10 Dhawuhé Sang Prabu marang Haman, "Wis énggal, njupuka ageman lan jaran titihanku lan tandha-tandha kaurmatan wènèhna marang Mordekhai, wong Yahudi kuwi. Tindakna kaya aturmu mau, aja ana sing kliwatan siji waé. Wong mau paranana, wong kuwi saiki lungguh ana ing gapurané kedhaton."

11 Haman banjur njupuk ageman lan jaran sarta nganggokaké ageman mau marang Mordekhai. Sawisé ditunggangaké jaran, Mordekhai banjur diarak déning Haman menyang alun-alun karo muni sora, "Delengen, mengkéné

carané Sang Prabu ngurmati lan ngganjar
wong sing nglabeti panjenengané!"
12 Mordekhai banjur bali lungguh ing
gapuraning kedhaton menèh. Nanging
Haman énggal-énggal mulih ing omahé.
Haman ora mandheg temolèh, merga
saka isiné, mulané rainé ditutupi.
13 Bojoné lan kanca-kancané dicritani
lelakon sing mentas dialami. Bojoné lan
kanca-kancané sing wicaksana padha
muni mengkéné, "Saiki kowé wis wiwit
kalah karo Mordekhai. Wong kuwi wong
Yahudi; kowé ora bakal bisa menang
karo dhèwèké. Kowé mesthi kalah."
14 Nalika isih padha omong-omong
karo Haman mau para abdi kedhaton
padha teka methuk Haman, supaya
énggal-énggal mangkat menyang
bujananané Ratu Èster.
7 1 Sang Prabu lan Haman padha
dhahar lan ngunjuk menèh karo Ratu
Èster.
2 Sinambi ngunjuk anggur Sang
Prabu ndangu menèh marang Èster,
"Pramèswariku, kowé kepéngin apa?
Matura! Mesthi daksembadani, senajan
sing koksuwun mau separoning
kratonku."

3 Atur wangsulané Èster, "Menawi Sang Prabu dhangan ing penggalih, kula nyuwun supados kula lan bangsa kula kaparingana gesang.
4 Sebab kula lan bangsa kula sampun kasadé badhé katumpes. Menawi namung kasadé dados réncang tumbasan kula badhé manut lan mboten badhé ngribedi Sang Prabu. Nanging samenika kula sami badhé dipun tumpes sirna!"
5 Sang Prabu Akhaswéros banjur ndangu marang Èster, "Sapa sing wani-wani tumindak mengkono? Wongé sapa?"
6 Atur wangsulané Èster, "Haman pun durjana menika mengsah ingkang badhé nganiaya dhateng kula sedaya!" Haman ngingetaké Sang Prabu lan Sang Ratu karo gemeter.
7 Sang Prabu duka banget, banjur jengkar saka méja lan miyos saka kamar, menyang petamanan. Haman ngerti yèn Sang Prabu wis mutus bakal ndhawahaké paukuman, mulané Haman tetep lungguh ing kono karo ngrerepa marang Èster supaya dislametaké.

8 Saka semplahing atiné Haman
ngrungkebi dipané Èster karo nyuwun
ngapura. Dumadakan wektu semana
Sang Prabu mlebet saka petamanan.
Pirsa tumindaké Haman sing mengkono
mau Sang Prabu duka, "Lho, wis
mengkono isih wani arep nyembranani
Sang Ratu ana ing kéné, ing ngarepé
mripatku lan ing kedhatonku dhéwé?"
Sawisé Sang Prabu ngandika mengkono
para abdi kraton padha teka lan nutupi
sirahé Haman.
9 Ana abdi jenengé Harbona, matur
marang Sang Prabu, "Ing griyanipun
Haman wonten cagak gantungan
ingkang inggilipun 22 mèter. Cagak wau
dipun degaken Haman badhé kanggé
nggantung Mordekhai, tiyang ingkang
milujengaken yuswanipun Sang Prabu."
Sang Prabu banjur dhawuh, "Haman
gantungen ana ing cagak kono!"
10 Wusana Haman digantung ana ing
cagak sing didegaké dhéwé kanggo
Mordekhai. Sawisé mengkono dukané
Sang Prabu lagi lilih.

8 1 Ing dina kuwi uga bandhané
Haman, mungsuhé wong Yahudi,
diparingaké déning Sang Prabu marang

Ratu Èster kabèh. Éster matur marang
Sang Prabu yèn Mordekhai kuwi pamané;
mulané wiwit wektu kuwi Mordekhai
diparengaké ngadhep Sang Prabu,
senajan ora ditimbali.
2 Sang Prabu nglolos sesupéné sing
biyèn diparingaké marang Haman,
banjur diparingaké marang Mordekhai.
Èster ngangkat Mordekhai dadi kepala
gudhang kanggo ngurusi tilas bandhané
Haman.
3 Èster banjur ngadhep Sang Prabu
menèh. Karo sujud ing ngarsané, Èster
nangis-nangis nyuwun supaya rancangan
ala sing digawé déning Haman, sing
nedya numpes wong Yahudi, kuwi
diwurungaké.
4 Sang Prabu ngathungaké lantarané
emas marang Èster, banjur Èster ngadeg
lan matur,
5 "Menawi Sang Prabu dhangan ing
penggalih lan asih dhateng kula, mugi
kersaa ngasta serat keputusan kanggé
mbatalaken serat-serat ingkang dipun
damel déning Haman, ingkang isi
préntah numpes tiyang Yahudi sedaya
ingkang wonten ing negari ngriki.

6 Kula rak mboten badhé téga ningali bangsa lan sanak sedhèrèk kula telas dipun pejahi?"
7 Raja Akhaswéros banjur dhawuh marang Èster lan Mordekhai mengkéné, "Pancèn, Haman wis dakkon nggantung merga arep numpes wong Yahudi, lan bandhané ya wis dakwènèhaké marang Èster.
8 Nanging bab layang sing ditulis atas asmané raja lan dicap nganggo cap raja, ora kena dibatalaké. Éwasemono kowé dakwènèhi wewenang nulis layang bab wong Yahudi, arep nulis apa waé sakarepmu. Layang kuwi tulisen atas jenengku lan wènèhana cap keprabon."
9 Ing dina kuwi uga, tanggal telulikur sasi katelu, sasi Siwan, Mordekhai nglumpukaké para sèkretarisé Sang Prabu kabèh didhawuhi gawé layang marang para gubernur, para bupati lan para penggedhé ing propinsi-propinsi sing cacahé satus pitulikur, saka India tekan Sudan. Layang mau ditulis nganggo basa lan aksarané propinsi dhéwé-dhéwé. Mordekhai uga kirim layang marang wong Yahudi nganggo basa Yahudi.

10 Layang-layang mau ditandha-
tangani Mordekhai atas asmané Raja
Akhaswéros lan dicap nganggo cap
keprabon. Mordekhai banjur kongkonan
wong supaya nggawa layang-layang mau
menyang propinsi-propinsi kabèh karo
nunggang jaran gesit kagungané Sang
Prabu.
11 Layang-layang mau nyebutaké yèn
Sang Prabu marengaké wong Yahudi
ing saben kutha bebarengan nglawan,
yèn diserang déning wong-wong sing
sikep gegaman saka bangsa lan propinsi
endi waé. Kena nglawan lan matèni
mungsuhé mau, dalah anak-anak lan
bojoné pisan. Mungsuhé kena dipatèni
kabèh nganti entèk lan barang-darbèké
kena dijarah-rayah.
12 Préntah mau kudu ditindakaké rata
sanegara Pèrsia kabèh ing dina sing wis
ditetepaké déning Haman, nalika ngarah
matèni wong Yahudi, yakuwi tanggal
telulas, sasi rolas, sasi Adar.
13 Layang mau kudu didadèkaké
undhang-undhang lan diumumaké
marang wong kabèh ing propinsi-
propinsi, supaya wong Yahudi padha

siaga nglawan marang para mungsuhé
samangsa tekan dinané.
14 Para utusan sing ngeteraké layang
mau banjur padha budhal, nunggang
jaran kagungané Sang Prabu. Préntah
mau uga diwacakaké ana ing Susan, ibu
kotané negara Pèrsia.
15 Sawisé mengkono Mordekhai
banjur metu saka kedhaton nganggo
sandhangan dhines, wernané biru lan
putih, jubah wungu saka léna alus lan
makutha emas sing éndah banget.
Wong-wong ing kutha Susan saka
senengé padha surak-surak.
16 Wong Yahudi padha lega atiné lan
ngrasakaké kabungahan, kasenengan
lan kaurmatan.
17 Ing saben kutha propinsi, samangsa
layang mau diwacakaké, wong Yahudi
padha bungah-bungah lan nganakaké
pésta. Malah akèh penduduk sing banjur
mlebu dadi warga Yahudi, merga padha
wedi karo bangsa mau.

9 1 Kecrita nalika tanggal telulas sasi
Adar, yakuwi dina sing ditetepaké
kanggo nindakaké préntahé Sang Prabu
ing ngatasé wong Yahudi, dina kuwi wis
dianti-anti déning para satruné wong

Yahudi sing arep numpes bangsa mau. Nanging dadiné kosok balèn; wong-wong mau malah ditumpes déning wong Yahudi.

2 Wong-wong Yahudi ing saben kutha padha nglumpuk lan nyerang kabèh wong sing duwé niyat ala marang wong Yahudi. Bangsa endi-endi padha geter, nganti ora ana wong siji waé sing wani ngadhepi wong Yahudi.

3 Malah para penggedhéné propinsi, para gubernur, bupati lan para punggawa negara kabèh padha ngréwangi wong Yahudi, merga kabèh padha wedi marang Mordekhai.

4 Sanegara kabèh padha ngerti yèn Mordekhai kuwi gedhé pengaruhé ing kedhaton lan pangwasané saya gedhé.

5 Mulané wong Yahudi bisa tumindak sakarepé marang satru-satruné. Satruné padha diserang nganggo pedhang lan dipatèni.

6 Ing Susan, ibu kota Pèrsia mau, wong Yahudi matèni wong limang atus.

7 Ing antarané wong sing dipatèni mau sepuluh anak-anaké Haman bin Hamadata, satruné wong Yahudi sing gedhé dhéwé. Yakuwi: Parsandata,

Dalfon, Aspata, Porata, Adalya, Aridata,
Parmasta, Arisai, Aridai lan Waizata.
Nanging wong Yahudi ora njarah-rayah
barangé mungsuh.
8 (9:7)
9 (9:7)
10 (9:7)
11 Ing dina kuwi uga ana sing
nglapuraké marang Sang Prabu cacahé
wong sing dipatèni ing Susan.
12 Pangandikané Sang Prabu marang
Èster, "Ing Susan waé wong Yahudi wis
matèni wong limang atus, klebu anaké
Haman sepuluh. Durung sing ana ing
propinsi-propinsi! Embuh apa sing padha
ditindakaké ana ing kana! Wis, saiki
kowé nyuwun apa menèh. Matura waé,
mesthi dakparingi!"
13 Atur wangsulané Èster, "Menawi
kepareng, mbénjing-énjing tiyang
Yahudi kajengipun nglajengaken menapa
ingkang sampun sami dipun tindakaken
ing dinten menika. Kejawi menika, mugi
jisimipun anak-anakipun Haman dipun
gantunga ing gantungan."
14 Sang Prabu banjur dhawuh supaya
panyuwuné Èster mau ditindakaké;
layang dikirim menyang kutha Susan,

temah jisimé anak-anaké Haman
sepuluh digantung.
15 Dadiné nalika tanggal patbelas sasi
Adar wong Yahudi ing Susan padha
nglumpuk menèh lan matèni wong
ing kutha kono telung atus engkas.
Nanging ing dina kuwi wong Yahudi ora
njarah-rayah barang babar-pisan.
16 Wong Yahudi sing manggon ing
propinsi-propinsi padha nglumpuk
saprelu nglawan serangan. Ing dina kuwi
satruné padha dikalahaké; wong sing
dipatèni cacahé 75.000.
17 Kedadéané mau nalika tanggal telulas
sasi Adar. Ésuké, tanggal patbelas, wis
ora ana wong sing dipatèni. Ing dina kuwi
padha nganakaké pésta kabungahan.
18 Wong Yahudi sing manggon ing Susan
enggoné nganakaké riaya ditibakaké
tanggal limalas, merga wis padha matèni
mungsuhé dhèk tanggal telulas lan
patbelas; enggoné lèrèn tanggal limalas.
19 Mulané wong Yahudi sing manggon
ing kutha cilik padha bungah-bungah
lan pengéling-éling marang kedadéan
kuwi ditibakaké tanggal patbelas
sasi Adar. Ing dina mau wong kabèh

padha nganakaké pésta lan padha
kirim-kiriman panganan.
20 Sawisé mengkono Mordekhai banjur
nyatheti kedadéan mau kabèh sarta
kirim layang marang wong Yahudi kabèh
sing ana ing negara Pèrsia, iya sing
cedhak iya sing adoh.
21 Layang mau isi préntah supaya saben
taun padha ngriayakaké tanggal patbelas
lan limalas sasi Adar.
22 Sebab ing dina-dina mau mungsuh-
mungsuhé wis padha dikalahaké,
temah rasa sedhih lan perih ganti dadi
kabungahan lan katentreman. Mulané
dina-dina kuwi kudu dipèngeti nganggo
pésta lan jagongan sarta awèh sedhekah
marang wong miskin.
23 Préntahé Mordekhai mau diturut
déning wong Yahudi, mula riaya kuwi
dadi padatan sing dianakaké saben taun.
24 Haman bin Hamedata, tedhaké Agag,
mungsuhé wong Yahudi sing gedhé
dhéwé, kuwi biyèn nganakaké undhian
sing disebut "Purim," kanggo netepaké
dina penyembelèhané wong Yahudi.
Rancanganė Haman arep numpes wong
Yahudi kabèh.

25 Nanging Èster ngadhep Sang
Prabu, lan Sang Prabu ndhawuhaké
srana tulisan, sing njalari rancangané
Haman sing ala mau ngenani awaké
dhéwé, temah dhèwèké lan anak-anaké
digantung ing cagak gantungan.
26 Mulané dina riaya mau disebut Purim.
Layangé Mordekhai lan kabèh sing
dialami déning wong Yahudi,
27 kuwi njalari wong Yahudi gawé
prenatan kanggo awaké dhéwé lan
kanggo anak-turuné lan kanggo wong
kabèh sing klebu bangsa Yahudi. Manut
prenatan mau wong Yahudi saben
taun diwajibaké mèngeti dina loro sing
ditetepaké déning Mordekhai mau.
28 Ana ing kono ditetepaké kanggo ing
selawasé, yèn dina-dina Purim kudu
diéling-éling lan dimulyakaké déning
saben brayat Yahudi, saben taler, gotrah
lan kulawarga, ana ing endi waé, ing
saben propinsi lan ing saben kutha.
29 Kejaba kuwi bareng karo layangé
Mordekhai mau Ratu Èster binti Abihail
gawé layang sing kapindho, sing
surasané nguwataké layangé Mordekhai
bab Purim mau.

30 Layang mau dikirimaké marang wong
Yahudi kabèh, lan turunané dikirim
marang propinsi satus pitulikur ing
negara Pèrsia. Layang mau dikanthèni
pandonga muga-muga bangsa Yahudi
tansah kaparingan tentrem rahayu, kalis
ing sambékala.
31 Layang mau uga ngélingaké supaya
wong-wong Yahudi lan anak-turuné
padha ngéling-éling dina-dina Purim trep
ing dina sing ditetepaké, ora béda karo
enggoné padha ngéling-éling wektuné
pasa lan wektuné nganakaké petangisan.
Mengkono surasané layangé Mordekhai
lan Ratu Èster.
32 Préntahé Èster sing netepaké
prenatan-prenatan Purim, kabèh ditulis
ing kitab.

10 1 Raja Akhaswéros nganakaké
kerja-paksa sing kudu ditindakaké
déning rakyat, ora mung sing manggon
ing pesisir, nanging uga sing padha
manggon ing daérah-daérah pedalaman.
2 Hasilé Sang Prabu sing gedhé lan
ngédab-édabi, semono uga crita bab
enggoné ngangkat Mordekhai dadi
punggawa sing dhuwur pangkaté, kabèh

ditulis ana ing Kitab Sejarahé Raja-raja Pèrsia lan Média.
3 Mordekhai, wong Yahudi kuwi tetep enggoné dadi punggawa luhur sangisoré Raja Akhaswéros piyambak. Mordekhai diurmati lan ditresnani déning bangsané. Dhèwèké mbudidaya kanggo keslametan lan karaharjané bangsané lan anak-turuné.

Ayub

1 [1] Kecrita ing tanah Us ana wong
jenengé Ayub. Ayub kuwi wong sing
ngabekti marang Allah lair trus ing batin;
wong sing luhur budiné lan ora tau gawé
piala.
[2] Ayub duwé anak lanang pitu lan anak
wadon telu.
[3] Kejaba kuwi duwé batur akèh.
Wedhusé gèmbèl 7.000, untané 3.000,
sapiné 1.000 lan kuldiné 500. Cethané,
Ayub mau ing antarané penduduk daérah
Wétanan kono klebu wong sing sugih
dhéwé.
[4] Anak-anaké lanang Ayub gawéné
nganakaké pésta, gentènan, ing omahé
wong pitu mau. Ing pésta kono sedulur-
seduluré wadon iya padha diulemi.
Kabèh banjur padha mangan lan ngombé
bebarengan.
[5] Saben anak-anaké bubar pésta, Ayub
ésuké mesthi tangi gasik lan nyaosaké
kurban kanggo anaké siji-siji, supaya
padha diapura déning Allah. Sebab
Ayub kuwatir yèn anak-anaké sajroné

bungah-bungah padha gawé dosa lan
tanpa dijarag padha nyenyamah marang
Allah.
6 Ing sawijining dina nalika para
putrané Allah[a] padha sowan marang
Panjenengané, Sétan[b] uga teka.
7 Pangéran ndangu marang Iblis,
"Kowé saka endi?" Wangsulané, "Saking
mider-mider ndlajahi bumi."
8 Pendanguné Pangéran menèh, "Apa
kowé iya nggatèkaké Ayub? Sajagad
ora ana wong sing mursidé lan luhuring
budiné kaya Ayub, wong sing ngabekti
marang Aku lan ora tau gawé piala."
9 Nanging Iblis mangsuli, "Temtu
kémawon Ayub ngabekti dhateng
Paduka, mergi piyambakipun nampi
ganjaran.
10 Piyambakipun piyambak, lan
sedaya gadhahanipun Paduka ayomi.
Pedamelanipun Paduka berkahi lan
Paduka paringi raja-kaya kathah, cekap
kanggé ngebaki sanegari sedaya.
11 Nanging cobi menawi bandhanipun
Paduka pundhut sedaya, temtu

---

[a]para putrané Allah: para malaékat.
[b]Sétan: Iblis.

piyambakipun badhé ngawon-awon
Paduka wonten ing ngarsa Paduka!"
12 Gusti Allah banjur ngandika marang
Iblis, "Ya wis, sakèhé bandhané Ayub
arep kokkapakaké sekarepmu, angger
awaké aja kokpilara!" Sawisé mengkono
Iblis banjur mundur saka ing ngarsané
Allah.
13 Ing sawijining dina anak-anaké Ayub
padha nganakaké késta ana ing omahé
anak sing mbarep.
14 Dumadakan ana abdi teka marani
Ayub karo matur, "Ndara, kula sami
dipun serang tiyang Syéba, nalika kula
sami mluku ing sabin lan kuldi-kuldi
saweg sami wonten ing pangènan.
Kéwan-kéwan wau sami dipun rebat
lan réncang-réncang panjenengan sami
dipun pejahi. Namung kula piyambak
ingkang luwar, mila saged sowan ngaturi
pirsa dhateng panjenengan."
15 (1:14)
16 Nalika abdi mau isih matur, ana
abdi liyané teka, aturé, "Ménda-ménda
gèmbèl panjenengan lan para pangèn
sami dipun samber bledhèg, temah
pejah sedaya. Namung kula piyambak

ingkang gesang, mila saged sowan
ngaturi pirsa dhateng panjenengan."
17 Abdi mau durung rapung olèhé
matur, ana abdi katelu teka karo matur,
"Wonten rampog tiyang Kasdim tigang
rombongan sami ngrebat unta-unta
panjenengan lan mejahi para abdi.
Namung kula piyambak ingkang saged
luwar, mila saged ngaturi pirsa dhateng
panjenengan."
18 Nalika abdi mau lagi matur
mengkono, ana abdi liyané teka
nggawa kabar, "Para putra panjenengan
saweg sami ngawontenaken pésta ing
griyanipun putra panjenengan ingkang
mbajeng.
19 Dumadakan wonten angin lésus
dhateng saking seganten wedhi nempuh
griya ingkang dipun anggé pésta wau;
griyanipun lajeng rebah, ngrebahi
putra-putra panjenengan, ngantos
sami tilar-donya sedaya. Namung kula
piyambak ingkang wilujeng, mila saged
ngaturi pirsa dhateng panjenengan."
20 Ayub banjur ngadeg lan nyuwèk
sandhangané, tandha yèn susah atiné.
Sirahé banjur dicukur sarta sujud ing
bumi, pangucapé,

21 "Lairku tanpa sandhangan. Enggonku
bakal bali mrana iya mengkono. Allah
sing maringi, Allah sing mundhut. Pinujia
asmané Pangéran!"
22 Sajroné ngalami lelakon mau kabèh,
Ayub ora nganti gawé dosa, sarta ora
nyepèlèkaké marang Allah.

2 1 Ing sawijining dina para putrané
Allah padha sowan menèh marang
Panjenenganė. Iblis uga teka.
2 Gusti Allah ndangu marang Iblis,
"Kowé saka endi?" Wangsulané Iblis,
"Saking mider-mider ndlajahi bumi."
3 Pangéran ndangu menèh, "Apa kowé
iya nggatèkaké karo abdi-Ku Ayub?
Sajagad ora ana wong sing mursidé
lan luhuring budiné kaya wong kuwi,
tansah ngabekti marang Aku lan ora
tau nindakaké piala. Enggoné ngabekti
marang Aku isih tetep, senajan Aku
wis kokajani gawé sengsarané tanpa
alesan."
4 Nanging Iblis mangsuli, "Nyawa
lan kesarasan menika pengaosipun
ngungkuli bandha. Manungsa rila
nombokaken bandhanipun sedaya,
waton saged tetep gesang!

5 Cobi menawi badanipun Paduka damel
sakit, piyambakipun mesthi badhé
ngipat-ipati Paduka wonten ing ngarsa
Paduka."
6 Pangéran nuli ngandika marang Iblis,
"Ya wis, Ayub arep kokkapakaké waé
kena, angger aja kokpatèni."
7 Iblis banjur mundur saka ngarsané
Allah, lan Ayub banjur digawé lara
korèngen saawak sekojur, wiwit saka
tlapakan tekan mbun-mbunan.
8 Ayub banjur lungguh nglésod ing
sacedhaké pawuhan, lan njupuk beling
kanggo ngukur awaké.
9 Bojoné ngandhani mengkéné,
"Panjenengan koktaksih ngabekti
kémawon dhateng Allah. Mbok sampun,
panjenengan tilar kémawon, lajeng
séda!"
10 Wangsulané Ayub, "Caturanmu kuwi
kaya kandhané wong gemblung! Apa
kita mung arep nampani peparingé
Pangéran sing becik waé, lan nampik
peparingé sing ala?" Dadiné senajan
ngalami kasangsaran semono gedhéné,
Ayub ora ngrèmèhaké marang Allah.
11 Kecrita kasangsaran sing dialami
déning Ayub keprungu déning mitrané

telu, yakuwi Élifas, wong saka Téman, Bildad wong Suah lan Zofar wong Naamah. Telu-teluné padha sarujuk arep niliki Ayub.
12 Nanging bareng weruh, saka kadohan, wong telu mau padha pangling, mula padha nangis ngglolo, padha nyuwèk penganggoné, sarta nyawuraké awu ana ing sirahé.
13 Pitung dina pitung bengi wong telu mau padha nglésod ing lemah sandhingé Ayub, tanpa muni sakecap, merga padha mèlu ngrasakaké sepira aboting kasangsaràné Ayub.

3

1 Ayub banjur sambat nyepatani dina kelairané.
2 "Dhuh Allah, dinten kelairan kawula tanpa teges, lan dalu nalika ibu wiwit ngandhut kawula mboten wonten ginanipun.
3 (3:2)
4 Dhuh Allah, dinten menika kadadosna peteng, kaicalna saking penggalih Paduka. Sampun ngantos Paduka marengaken, pepadhang nyunaraken sorotipun.
5 Dinten menika kadadosna peteng ndhedhet, kados kubur ingkang peteng,

kalimputan mendhung lan méga;
katutupana saking sunaré surya.
6 Dalu menika kaicalna saking
pétanganing taun lan wulan. Sampun
ngantos dipun èngeti, utawi katut
kapétang.
7 Dalu menika kajengipun peteng
ndhedhet, kajengipun sepen, tanpa
kabingahan.
8 Hé para dhukun lan sing padha
ngwasani Léwiatan![c] Dina kelairanku
padha ipat-ipatana.
9 Lintang panjer ésuk lestaria peteng!
Plethèking srengéngé aja sumorot,
karebèn bengi kuwi ora ana gunané
enggoné ngentèn-entèni, dina anyar
kanthi pengarep-arep.
10 Kenaa paukuman bengi, nalika aku
dilairaké ibuku, lan ditégakaké nandhang
sangsara.
11 Apa sebabé aku ora mati waé ing
kandhutané ibuku? Utawa ilang nyawaku
nalika aku lair?
12 Apa sebabé aku digéndhong lan
dipangku, sarta disusoni déning ibuku?
13 Saupama dhèk semono aku mati,
aku rak turu klawan kepénak,

---

[c]Léwiatan: Bangsanipun baya.

14 kaya para raja lan para pangwasa,
sing mbangun kratoné pusaka.
15 Enggonku turu rak kaya putrané raja,
sing ngrengga kedhaton nganggo slaka
lan kencana.
16 Apa sebabé aku ora dilairaké mati,
supaya turuku pules kepénak?
17 Ing kuburan kana, durjana ora gawé
piala, lan buruh sing kentèkan tenaga
bisa ngaso ngilangaké keselé.
18 Wong tawanan krasa tentrem,
ora krungu swarané wong sing
nyentak-nyentak.
19 Ana ing kana wong kabèh padha:
wong cilik lan wong gedhé. Batur padha
karo bendara.
20 Yagéné wong ditégakaké nandhang
sangsara? Yagéné wong susah diparingi
pepadhang?
21 Rak padha milih kubur tinimbang
bandha, padha ngentèni pati sing ora
teka-teka.
22 Bakal ngrasakaké kabegjan,
samangsa mati ana ing kuburan.
23 Nanging Allah ngaling-alingi dalané,
nganti padha ora ngerti menyang endi
parané.

24 Sing dadi panganku pangresula.
Tanpa lèrèn enggonku sesambat.
25 Sing daksumelangaké malah nekani
aku, sing dakwedèni malah nempuh
marang aku.
26 Aku ora bisa ayem, lan karubedanku
ora ana entèké."

4 1 Élifas: Ayub, apa kowé gelem
ngrungokaké kandhaku? Merga aku
ora betah yèn mung meneng waé.
2 (4:1)
3 Akèh wong sing wis kokwulang, lan
akèh wong ringkih sing kokkuwataké
menèh.
4 Tembungmu gawé senenging ati, lan
nangèkaké wong sing ambruk, sing
lungkrah kesayahen.
5 Nanging saiki kowé dhéwé nemu
kasusahan. Kowé ngenes lan ora kuwat
mikul kasusahanmu.
6 Kowé rak wong sing precaya marang
Allah; lan uripmu rak tanpa cacad? Yèn
mengkono, kuduné kowé tatag lan ora
semplah.
7 Coba pikiren, apa tau ana wong ora
salah koknemu bilai lan paukuman?

[8] Sangertiku wong sing nandur piala lan
nyebar rubéda bakal ngundhuh cilaka
lan nemahi sangsara.
[9] Paukumané Allah kaya prahara,
numpes wong nganti sirna.
[10] Wong ala ngadhuh-adhuh, kaya
macan nggero. Nanging dibungkem
déning Allah, lan untuné diprèthèli.
[11] Padha mati kaya singa kaliren, temah
anak-anaké padha buyar.
[12] Tau aku krungu pawarta, kaya
wangsit[d] ing kupingku.
[13] Kaya impèn ala ing wayah bengi, sing
ngganggu aku sajroning turu.
[14] Aku kagèt wedi gemeter, awak
sekojur nganti wél-wélan.
[15] Angin midid nggepok awakku, gawé
mengkirig ing githokku.
[16] Ana wong ngadeg ing ngarepku,
dakpandeng, nanging aku ora kenal
karo wong mau. Aku nuli krungu swara,
nyelani kaanan kang sepi.
[17] "Apa ana manungsa sing tanpa
dosa ana ing ngarsané Allah? Apa ana
manungsa sing tanpa cacad ing ngarsané
kang nitahaké jagad?

---

[d]wangsit: wisik.

18 Dalah para abdiné Allah ing swarga,
ora ana sing diprecaya. Senajan para
malaékat ora uwal saka piala lan cacad.
19 Apa menèh titah sing saka lempung,
kena dipithes kaya semut!
20 Titah mau ésuk isih urip, soré wis
mati glangsaran.
21 Barang-darbèké entèk musna, patiné
tanpa guna."

5 1 Ayub, sesambata, apa ana sing
semaur? Wong suci endi sing
koktolèh arep kokjaluki tulung?
2 Mung wong bodho sing mati merga
panas atiné, lan wong ala sing mati
merga kemèrèné.
3 Aku tau weruh wong bodho. Uripé
katoné sentosa. Nanging pomahan sing
dienggoni tumuli dakipat-ipati.
4 Anak-anaké ora ana sing olèh
pengayoman; ora ana sing gelem
mbélani prekarané ing pengadilan.
5 Apa sing diundhuh saka ing
palemahané, entèk dipangan wong sing
keluwèn. Semono uga pari sing dipageri
eri, dientèkaké wong sing kaliren.
Wong sing ngelak bandha ngincer
barang-darbèké wong liya.

6 Tuwuhé piala ora saka bumi.
Kasusahan ora thukul saka lemah.
7 Ora! Nanging manungsa dhéwé sing
nekakaké cilaka marang awaké. Kaya
pletiking geni wetuné uga saka geni.
8 Yèn aku ngalami kaya kowé,
aku bakal sesambat marang Allah.
Dakaturaké prekaraku ana ing ngarsané,
dakpasrahaké marang Panjenengané.
9 Pakaryané Allah élok ngédab-édabi,
ora kena kita jajagi. Mujijat-mujijaté
tanpa wilangan, ora ana entèk-entèké.
10 Udan ditekakaké ing bumi, nganti
ngelebi sawah lan tegalan.
11 Allah sing ngangkat wong asor
dadi luhur, sing nekakaké katentreman
marang wong prihatin.
12 Rancangané wong duraka dibatalaké,
wong julig dipasangi kala, temah wurung
kabèh rancangané, lan padha dijiret
sajroning kawicaksanané.
13 (5:12)
14 Yèn wayah awan ketekan pepeteng,
padha mak-makan kaya ing wayah
bengi.
15 Nanging Allah paring pitulungan:
wong miskin diluwari saka pati, wong
asor saka panindhes.

16 Saiki ana pengarep-arep; kanggo
wong sing apes. Wong ala ora padha
kumecap, merga Allah wis mbungkem
cangkemé.
17 Begja yèn kowé diwelèhaké déning
Allah, aja serik atimu menawa diélikaké.
18 Sebab Allah milara, nanging uga
nambani. Astané nggebagi, nanging uga
meteki.
19 Yèn ana bebaya nekani, kowé mesthi
diluwari.
20 Yèn ana pailan[e] ora bakal kowé
kapiran. Yèn ketekan perang, kowé
dioncataké saka ing pedhang.
21 Kowé diayomi saka ing pitenah;
kowé bakal ora wedi karo paukuman lan
ancamané wong duraka.
22 Senajan mungsuh ambek siya lan
ketekan paceklik, bakal tatag atimu,
malah kokgeguyu. Kowé ora bakal wedi
utawa gugup, senajan ngadhepi kéwan
galak.
23 Palemahan sing kokluku bakal ora
ana watuné, kowé ora bakal ditubruk
déning kéwan galak.
24 Kowé bakal manggon ing kémahmu
klawan ayem. Lan yèn wedhusmu

---

[e]pailan: paceklik, awis tedha.

kokétung, kabèh padha ketemu slamet,
ora ana sing ilang.
25 Anak-putumu cacahé bakal ora
karuwan, kaya suket ing ara-ara.
26 Kaya pari sing wis tuwa bakal dienèni
ing wektuné, mengkono uga kowé bakal
mati sawisé ngalami umur dawa.
27 Ayub, kabèh kuwi wis daktliti, lan
ketitik nyata, mulané gugunen.
6 1 Ayub: Saupama kasusahanku iki
ditimbang, mesthi aboté ngungkuli
pasir ing segara.
2 (6:1)
3 Mulané aja gumun yèn tembungku
kurang ngati-ati lan kesusu.
4 Panahé Kang Mahakwasa nembus
dagingku. Wisané sumebar ing badanku
sekojur. Kasektèné Allah ampuhé
nggegirisi, aku diserang kaya carané
tentarané mungsuh.
5 Kuldi bakal seneng yèn diwènèhi suket
nom, mengkono uga sapi yèn dipakani.
6 Nanging sapa sing seneng mangan
panganan cemplang? Putihé endhog apa
ana rasané?
7 Aku ora sudi nggepok. Yèn dakpangan
marakaké muneg-muneg.

8 Yagéné Allah ora miyarsakaké
pandongaku? Yagéné panyuwunku ora
dipenggalih?
9 Muga Allah kersa ngremuk aku! Muga
Panjenengané tumandang matèni aku!
10 Tumraping aku kuwi bakal dadi
panglipurku. Aku bakal jogèdan
sajroning kasangsaran. Dhawuhé Allah
Kang Mahasuci kabèh wis daklakoni lan
tansah dakgatèkaké.
11 Sepira ta kekuwatanku, déné aku
kokisih urip? Apa ta sing dakarep-arep,
saupama aku kepéngin umur dawa?
12 Apa rosané awakku kaya atosing
watu? Apa aku iki saka tembaga?
13 Aku kentèkan tenaga kanggo golèk
keslametan. Tumraping aku wis ora ana
pitulungan menèh.
14 Sajroning kasangsaran sing
mengkéné iki, aku ngendelaké mitra
sejati, embuh aku isih setya, apa wis
nyingkur Kang Mahakwasa.
15 Nanging kowé, para mitraku, ora
kena diprecaya lan diendelaké. Kowé
kaya kali sing asat, mangka udané ora
teka-teka.
16 Kowé kaya kali sing mati kaku, merga
banyuné dadi ès lan salju.

17 Bareng mangsa ketigané teka, salju
lan ès mau nguwap amblas tanpa tilas.
Dhasaré kali katon cetha, banyuné asat
lan garing babar-pisan.
18 Kafilah-kafilah enggoné golèk banyu
padha kesasar. Padha nglembara mati
ing segara wedhi.
19 Kafilah saka Syéba lan saka Téma
padha golèk banyu, kepéngin énggala
nemu.
20 Nanging pengarep-arepé sirna,
merga banyuné ora ana.
21 Ya kaya kali mengkono kuwi
kaananmu, hèh mitraku. Kowé mundur,
merga wedi ndeleng kasangsaranku.
22 Yagéné, kowé rak ora dakjaluki
apa-apa, utawa dakkon nebus aku saka
wong sing masésa aku?
23 Aku rak ora njaluk diluwari saka
tangané satru?
24 Wis, saiki aku kandhanana, tuduhna
endi salahku! Aku dakmeneng lan
ngrungokaké rembugmu.
25 Pitutur sing jujur ngayemaké ati,
nanging tembungmu kuwi ngawur, tanpa
teges.

26 Tembungku mung kokanggep angin,
tanpa guna wangsulanmu, tumraping
aku sing wis semplah.
27 Kowé mbuwang undhi kanggo nasibé
bocah lola, mitramu kokedol kokijolaké
bandha.
28 Aku sawangen, apa aku iki ngapusi
kowé?
29 Aja sewenang-wenang tumindakmu,
diéling. Aja ngluputaké aku, temenan
aku ora luput.
30 Apa kokkira aku ngapusi, lan ora bisa
mbédakaké sing becik lan sing ala?
7 1 Uripé manungsa kuwi kaya wong
perang, abot lan ngrekasa kaya uripé
batur-tukon,
2 kaya abdi sing butuh pengayoman,
kaya wong buruh sing ngarep-arep opah.
3 Pirang-pirang sasi lawasé uripku
tanpa tujuan; saben bengi atiku kebak
kasusahan.
4 Yèn aku mapan turu, benginé
rumangsaku dawa banget. Aku ngarep-
arep endang padhang, enggonku turu
ora tentrem.
5 Awakku kebak sèt lan rereged; kulitku
tatu metu nanahé.

6 Uripku sing tanpa pengarep-arep iki
lakuné rikat nuju ajalé, rikaté ngungkuli
sekociné wong nenun.
7 Dhuh Allah, mugi kersa ngèngeti, bilih
gesang kawula namung presasat hawa,
kabegjan kawula sampun sirna tanpa
tilas.
8 Samenika tiyang ningali kawula —
nanging mboten dangu malih. Menawi
mangké dipun padosi, kawula sampun
mboten wonten.
9 Kados déné méga lebur lajeng sirna,
mekaten ugi manungsa, menawi pejah
lajeng mboten wangsul malih. Sedaya
tiyang ingkang naté tepang, badhé
kesupèn dhateng piyambakipun.
10 (7:9)
11 Pramila kawula mboten badhé
mèndel! Bingah-sisahing manah kawula
mboten badhé kawula tutupi. Ilat kawula
mboten badhé kawula cegah nglairaken
isining manah.
12 Kénging menapa kawula terus
Paduka jagi? Menapa kawula menika
sawer naga ingkang mbebayani?
13 Kawula tileman badhé ngaso, lan
pados panglipur kanggé manah ingkang
nglokro.

14 Nanging kawula Paduka ajrih-ajrihi
srana impèn; Paduka damel giris kalayan
tetingalan salebeting tilem.
15 Temah kawula langkung remen
saupami dipun tekaka lan pejah,
tinimbang gesang nanging badan kawula
nandhang sangsara mekaten.
16 Kawula sayah lan bosen gesang;
kawula aluwung pejah kémawon! Mugi
kersa nilar kawula, margi gesang kawula
namung kados hawa kémawon!
17 Kénging menapa manungsa Paduka
anggep wigatos? Kénging menapa
lampahipun tansah Paduka pirsani?
18 Saben énjing Paduka gatosaken, lan
sekedhap-sekedhap Paduka cobi.
19 Menapa naté Paduka méngo saking
kawula, ngantos kawula kober ngulu
idu?
20 Dhuh Allah ingkang njagi kawula,
dosa kawula menapa dhateng Paduka?
Menapa dosa kawula ngawrat-awrati
Paduka?
21 Menapa Paduka mboten saged
ngapunten dosa kawula? Menapa
mboten saged Paduka nglebur dosa
kawula? Awit mboten dangu malih

kawula badhé kakubur; menawi Paduka
padosi, mboten badhé pinanggih.

8

1 Bildad: Isih pira lawasé enggonmu
caturan kaya mengkono kuwi?
Tembungmu kaya gemrubugé angin
lésus.
2 (8:1)
3 Allah ora tau ndhoyongaké pengadilan,
ora tau wurung enggoné netepaké
prekara sing bener.
4 Ora mokal yèn anak-anakmu padha
gawé dosa marang Allah, mulané
wis samesthiné yèn diukum déning
Panjenengané.
5 Nanging yèn kowé butuh
pengayomané, nyuwuna sih-kawlasan
lan pangapurané.
6 Yèn atimu jujur, tanpa cacad, Allah
bakal énggal mitulungi. Kowé bakal olèh
opah, lan brayatmu dipulihaké menèh.
7 Bandhamu sing ilang kuwi ora
sepiraa, yèn katandhing karo sing bakal
koktampa mengko.
8 Ngélingana jamané para wong
mursid ing jaman kepungkur, titènana
pengalamané para leluhur.

9 Urip kita rak mung cendhak, tur
kita ngerti apa? Dina-dinané umur kita
presasat ayang-ayangan.
10 Rungokna kandhané para wong
mursid jaman biyèn, mengkéné
piwulangé marang kowé,
11 "Panggonan sing teles ketuwuhan
glagah, bisané tuwuh mung ing papan
sing bècèk.
12 Yèn banyuné asat, glagahé alum,
luwih rikat tinimbang bangsané suket
liyané. Mangka satemené isih seger
lan durung mangsané, dibabad dipèk
gawéné.
13 Mengkono wong sing uripé nyélaki
Gustiné; wong sing ora maèlu marang
Allah, ora ketekan pengarep-arepé.
14 Kaya wong sing ngendelaké benang
saeler, mangka benang mau alusé kaya
klamat kemlandhingan.[f]
15 Apa klamat kuwat yèn dienggo
gandhulan? Apa ora nyilakani yèn
dienggo cekelan?"
16 Ora béda karo alang-alang,
mengkono wong sing tanpa Allah. Yèn
kena panasé srengéngé bisa subur
ngebaki tamanan.

---

[f]kemlandhingan: labah-labah (bhs. Ind.).

[17] Oyodé mbulet-mbulet watu ing
lemah, pambuleté kuwat, ora gampang
diobahaké.
[18] Nanging jajal, bedholen alang-alang
mau, rak presasat ora katon yèn tau ana
ing kono.
[19] Mengkono kekuwatané wong ala.
Wong liya teka, ngenggoni panggonané.
[20] Nanging wong setya ora bakal ditilar
déning Allah, kaya déné wong duraka iya
ora tau dipitulungi.
[21] Lambému bakal tansah digawé
gumuyu, ilatmu tansah surak-surak.
[22] Satrumu digawé kisinan lan
rumangsa kasoran. Omahé wong ala
bakal dirusak nganti sirna.
9 [1] Ayub: "Pancèn, aku ngerti yèn
tembungmu kuwi bener. Nanging,
apa bisa manungsa menang bebantahan
karo Allah?
[2] (9:1)
[3] Saupama Allah ngajokaké pitakonan
sèwu, siji waé ora ana sing bisa
diwangsuli déning manungsa.
[4] Gusti Allah kuwi mahawicaksana lan
mahakwasa, sapa sing bisa nglawan
marang Panjenengané?

5 Saupama Allah mindhah gunung,
manungsa ora ana sing weruh, semono
uga yèn gunungé dijungkir lan diwalik
merga paukumané.
6 Allah nekakaké lindhu nganti buminé
horeg, lan cagak sing nyangga jagad
gonjang-ganjing.
7 Allah saged nyegah srengéngé mlethèk
ing wayah ésuk, lan lintang-lintang
sumunar ing wayah bengi.
8 Langit dibèbèr tanpa kokréwangi.
Gegeré naga-segara diidak-idak.[g]
9 Panjenenganė masang lintang-lintang
ing sisih Kidul, lintang Naas Kubra,
lintang Wluku lan lintang Wuluh.
10 Pakaryané ora kena kita jajagi,
cacahé mujijaté ora kena kita étung."
11 Panjenenganė langkung ing
ngarepku, nanging aku ora weruh.
Panjenenganė ana ing sandhingku,
nanging aku ora krasa.
12 Yèn Panjenenganė ngrebat, sapa
wani nggondhèli? Utawa sapa wani

---

[g]Gegeré naga-segara diidak-idak: Ngémutaken dhateng criyos kina, ingkang nggambaraken naga-seganten ingkang dipun pejahi lan dipun idak-idak. (Mirsanana Ayb 9:13; 26:13.)

takon marang Panjenengané, "Paduka
nindakaken menapa?"
13 Allah ora nahan paukuman lan
gerahing penggalihé. Malah pembantuné
Rahab[h] padha tundhuk marang
Panjenengané.
14 Dadi, kepriyé bisaku mbantah
Panjenengané? Apa sing kudu
dakaturaké minangka wangsulanku
marang Panjenengané?
15 Senajan aku ora keluputan, aku bisa
apa, kejaba nyuwun piwelasé Allah,
Hakimku.
16 Saupama Panjenengané mangsuli
pesambatku, aku ora ngandel yèn
Panjenengané kersa paring wangsulan
marang aku.
17 Aku digecak déning Panjenengané
nganggo prahara, kasangsaranku
diwuwuhi tanpa sebab.
18 Aku ora diparengaké unjal ambegan,
malah diwelek[i] pait-getir.
19 Apa aku kudu adu karosan karo
Panjenengané? Mangka karosané

---

[h]Rahab: Naga-seganten ingkang mrelambangaken reresah lan piawon.

[i]diwelek: dipun dulang terus-terusan.

ngédab-édabi! Saupama Panjenenganė dakgugat, sapa sing wani ngaturi Panjenenganė majeng ing pengadilan?
20 Aku wong mursid lan ora gawé
dosa, nanging lambéku semuné kandha kosokbaliné. Saben tembung sing metu saka lambéku, malah kaya-kaya ngluputaké aku.
21 Aku ora salah, nanging aku ora
preduli. Aku wis bosen urip. Tumraping aku wis ora ana prekara sing penting menèh. Wong salah lan wong bener, nasibé padha waé. Karo-karoné bakal ditumpes déning Allah.
22 (9:21)
23 Yèn ana wong sing ora keluputan
mati dadakan, Allah gumujeng, wongé dipoyoki.
24 Jagad dipasrahaké déning Allah
marang wong duraka, lan para hakim digawé wuta kabèh. Kuwi pendamelé Allah, liyané Allah sapa menèh?
25 Dina-dinaning uripku lakuné rikat,
banjur sirna tanpa ngrasakaké kabegjan.
26 Kaya lakuné prau, mengkono rikaté
lakuné, kaya rikaté manuk garudha sing nyamber memangsané.

27 Yèn aku mèsem, lan ngguyu
cekakakan,
28 yèn aku nyoba nglalèkaké sakèhé
kasusahanku, sedhihku teka menèh,
ngoyak aku. Merga aku ngerti yèn Allah
tetep ngluputaké aku.
29 Yèn mengkono, ya wis aku ora
preduli.
30 Sabun kaya apa sing kena dakenggo
ngresiki regedku?
31 Allah wis mblesekaké aku ana ing
lendhut, nganti sandhanganku dhéwé
nganggep aku iki njijiki.
32 Saupama Allah kuwi manungsa,
aku bisa mangsuli Panjenengané. Bakal
dakajak ngadhep ing pengadilan kanggo
mbèrèsaké enggonku prekaran.
33 Nanging ora ana hakim sing bisa
ngadili prekaranku karo Allah.
34 Muga Allah kèndel enggoné ngukum
aku lan nyingkiraké penthungé saka aku!
35 Saiki aku ora wedi marang
Panjenengané, lan saiki aku arep
ngucap, merga aku ngerti salahku.

10 1 Aku wis bosen urip. Mulané
aku arep ngudhal pait-getiring
lelakonku. Mulané aku arep matur, "Dhuh
Allah, sampun ngantos nglepataken

kawula. Paduka mugi kersa nerangaken,
kénging menapa kawula Paduka lawan.
2 (10:1)
3 Paduka angsal menapa menawi
kawula Paduka tindhes kados mekaten,
sarta mbucal pakaryaning asta
Paduka piyambak? Paduka angsal
menapa menawi ngrojongi gagasan lan
rancangané tiyang-tiyang durjana?
4 Kersa Paduka mboten sami kaliyan
kajengipun manungsa,
5 lan yuswa Paduka mboten celak kados
umuripun manungsa.
6 Menawi mekaten, kénging menapa
Paduka nliti dosa kawula? Kénging
menapa kalepatan kawula Paduka
padosi?
7 Sejatosipun Paduka pirsa lan yakin,
bilih kawula leres, mboten lepat.
Lan mboten wonten tiyang setunggal
kémawon ingkang saged ngluwari
kawula saking asta Paduka.
8 Asta Paduka piyambak ingkang
nitahaken kawula, menapa samenika
badhé Paduka tumpes?
9 Kawula aturi ngèngeti, bilih kawula
Paduka damel saking lempung, menapa

samenika badhé Paduka wangsulaken
dados lebu?
10 Bapak kawula Paduka kersakaken
dados lantaraning lair kawula, lan kawula
Paduka rimati ing kandhutanipun ibu
kawula.
11 Badan kawula Paduka damel saking
balung lan otot. Balung kawula Paduka
paringi daging lan kabuntel ing kulit.
12 Kawula Paduka paringi gesang;
kawula Paduka tresnani. Nyawa kawula
Paduka reksa lan paduka rimati.
13 Nanging samenika kawula mangertos,
bilih kalayan sesidheman Paduka badhé
ngrisak kawula.
14 Paduka mugi mirsani menapa kawula
damel dosa, supados kawula Paduka
tampik samangsa nyuwun pangapunten?
15 Saupami kawula damel dosa, mesthi
kawula manggih cilaka. Nanging menawi
kawula tanpa cacad, inggih meksa dipun
anggep damel dosa! Kawula ngantos
mboten wani ndhangakaken sirah
kawula, awit saking sedhih lan nlangsa.
16 Saupami ta kawula ndhangak,
senajan mboten sepintena, Paduka
mesthi mbujeng kawula kados singa.

Paduka lajeng ngetingalaken pangwaos
Paduka, kanggé damel cilaka kawula.
17 Paduka tansah ngajengaken seksi
ingkang nglawan dhateng kawula, lan
paukuman Paduka dhateng kawula
saya wewah. Saya kathah bala énggal,
ingkang Paduka dhatengaken, kanggé
nyerang kawula.
18 Kénging menapa kawula Paduka
kersakaken lair ing donya? Langkung
saé saupami kawula pejah sadèrèngipun
kasumerepan ing tiyang.
19 Supados kados-kados kawula dèrèng
naté lair, sebab medal saking wetengan
terus mlebet ing kuburan.
20 Sekedhap malih kawula badhé pejah.
Mila mugi kauwalna saking asta Paduka,
supados kawula ngraosaken bingah
salebeting nelasaken umur kawula.
21 Sekedhap malih kawula badhé bidhal
lan mboten wangsul malih. Késah
dhateng negari ingkang peteng lan
surem sanget.
22 Negari ingkang lelimengan, kebak
ayang-ayangan lan reresah; wonten
ing ngriku pepadhang sami kaliyan
pepeteng."

11

1 Zofar: Gunem sing ngawur
kuwi apa ora prelu diwangsuli?
Apa wong sing angkuh mengkono kuwi
tembungé kena digugu?
2 (11:1)
3 Ayub, apa kokkira aku padha ora bisa
mangsuli kowé? Apa kokkira aku arep
meneng waé ngrungokaké penacadmu?
4 Manut panemumu, tembungmu kuwi
bener. Apa rumangsamu kowé kuwi
wong resik ana ing ngarsané Allah?
5 Muga Allah piyambak sing ngandika!
6 Lan kowé digawé ngerti déning
Panjenenganė. Kawicaksanan iku
akèh wewadiné, sing ora dingertèni
déning manungsa. Mulané ngertia
yèn kasangsaran kuwi ora sepiraa,
katandhing karo paukuman sing
mesthiné kudu koksangga.
7 Mokal kowé bisa njajagi kawontenané
Allah sing sanyatané! Kowé ora bakal
bisa nyumurupi pangwasané Allah.
8 Pangwasané luwih dhuwur tinimbang
dhuwuré langit. Ora kena kokgayuh lan
kokcandhak. Pangwasané luwih jero
tinimbang kuburané wong mati, tangèh
bisané kokngertèni.

9 Pangwasané Allah ngungkuli jembaré
jagad, luwih jembar tinimbang segara.
10 Yèn kowé dicekel Panjenenganè,
diasta menyang pengadilané, sapa sing
wani ngalang-alangi tumindaké?
11 Allah pirsa wong sing apus-apus, lan
pirsa pialané wong tanpa mirsani.
12 Yèn wong bodho bisa dadi wicaksana,
kuldi alasan iya bisa manak manungsa.
13 Ayub, atimu sucèkna, getunana
dosamu, ndedongaa marang Allah!
14 Dosamu buwangen saka atimu, lan
pialamu edohna saka omahmu!
15 Mengko kowé bakal bisa ngadhepi
urip klawan tabah lan sentosa; adegmu
teguh lan kowé ora bakal wedi.
16 Malah kowé bakal lali marang
kasangsaranmu. Kaya banjir, sawisé
surut wong wis ora kèlingan menèh.
17 Uripmu bakal padhang ngungkuli
padhangé raina, lan pepeteng sing
kokalami bakal dadi kencar-kencar.
18 Uripmu bakal sentosa lan
duwé pengarep-arep. Kowé bakal
direksa déning Allah, temah ngalami
katentreman.

19 Kowé bakal ora wedi karo satru, lan
akèh wong sing bakal njaluk tulung
marang kowé.
20 Nanging mripaté wong duraka bakal
dadi blawur, merga wong mau dalané
kapepetan lan sing dadi pengarep-arepé
mung pati.

12 1 Ayub: Pancèn, kowé kuwi makili
manungsa kabèh; yèn kowé mati,
kawicaksanané iya bakal mati.
2 (12:1)
3 Aku iya manungsa sing duwé budi;
kabèh sing kokkandhakaké kuwi aku wis
ngerti. Tur, endi wong sing ora ngerti bab
kuwi kabèh? Mulané, aja ngira yèn kowé
kuwi ngungkuli aku.
4 Aku digeguyu déning kanca lan
mitraku, mangka sejatiné aku sing
bener lan tanpa cacad. Biyèn Allah
miyarsakaké pandongaku, samasa aku
sesambat nyuwun pitulungané.
5 Kowé ngina marang aku, sebab
uripmu kepénak. Wong sing keplèsèt
malah kokgebug.
6 Nanging wong ngrampog uripé
tentrem. Wong sing wani nantang
marang Allah, uripé kepénak.

Sing dianggep allah yakuwi, mung
kekuwatané dhéwé.
7 Takona karo manuk lan kéwan, kowé
bakal olèh piwulang.
8 Takona karo iwak lan thethukulan,
kowé bakal nampa ketrangan.
9 Sapa ing antarané titah mau sing ora
ngerti, yèn sing nitahaké kuwi kabèh
Allah piyambak?
10 Panjenengané kang ngatur sakèhé
tumitah, lan kwasa ing ngatasé nyawané
manungsa siji-sijiné.
11 Kaya déné ilatku karem marang
pangan sing mirasa, mengkono
uga kupingku seneng ngrungokaké
tembungé wong.
12 Jaréné, wong sing wis akèh umuré
kuwi wicaksana. Nanging kawicaksanan
lan pangwasa kuwi mung Allah sing
kagungan. Jaréné wong sing wis akèh
umuré mau kadunungan pangertèn,
nanging pangertèn lan wewenang kuwi
iya mung Allah sing kagungan.
13 (12:12)
14 Apa sing dirubuhaké déning
Panjenengané, ora bisa dibangun
menèh. Sing sapa ditawan ora bakal
kena diluwari menèh.

15 Yèn Panjenenganè nahan tekané
udan, kabèh dadi garing lan cengkar.
Yèn banyuné dijaraké, tanah kabèh
kebanjiran.
16 Allah kuwi sekti lan tansah unggul!
Sing ngapusi lan sing kapusan,
Panjenenganè kang mengkoni.
17 Panjenenganè kang njabel pangwasa.
Para pemimpin didadèkaké tontonan.
18 Para raja didhunaké saka dhamparé
lan didadèkaké tawanan.
19 Para imam lan para pemimpin
diasoraké.
20 Wong sing kena diprecaya dibungkem
cangkemé. Kawicaksananè wong tuwa
dijabel.
21 Para pangwasa digawé kisinan, para
penggedhé padha dilèrèni.
22 Panggonan sing peteng digawé
padhang. Kuburané wong mati
dipadhangi.
23 Bangsa-bangsa didadèkaké mekar
lan dadi makmur, nanging banjur dilebur
nganti sirna.
24 Para pemimpiné digawé pikun, nganti
padha nglembara ing ara-ara samun
tanpa tujuan.

25 Padha mak-makan ing petengan,
lan sempoyongan lakuné kaya wong
mendem.
13 1 Kuwi kabèh wis daksipati dhéwé,
mulané aku ngerti temenan.
2 Apa sing kokngertèni, aku ya ngerti.
Aja kokkira aku kalah karo kowé.
3 Nanging aku arep matur marang
Kang Mahakwasa. Aku kepéngin mbéla
prekaramu ing ngarsané.
4 Sebab kowé nutupi enggonmu
bodho srana ngapusi. Ora béda karo
dhokter-dhokter palsu.
5 Saupama kowé ora caturan, bisa uga
kowé dianggep wicaksana.
6 Mulané rungokna kandhaku, titènana
wangsulanku.
7 Apa kowé olèh ngapusi kanggo
kepentingané Allah. Apa kowé kena
goroh kanggo mbélani prekarané?
8 Apa kowé olèh makili Allah lan ngéloni
Panjenenganė srana bebantahan?
9 Yèn kowé dititi-priksa déning Allah,
apa asilé mesthi becik? Apa kowé bisa
ngapusi Allah kaya yèn kowé ngapusi
manungsa?

10 Yèn kowé meneng-meneng ngéloni,
kowé bakal diukum déning Allah lan
ditampik.
11 Apa kaluhurané Allah ora gawé girisé
nyawamu? Lan kasektèné apa ora njalari
kowé wedi?
12 Gunemmu kuwi tanpa guna;
wangsulanmu kaya lemah lempung sing
gampang ajur.
13 Mulané menenga waé, aku sing
guneman. Aku ora mreduli apa
kawusananané!
14 Aku wis siaga ngetohaké nyawaku!
15 Aku wis nékad, merga wis semplah
atiku. Saupama Allah arep matèni aku,
aku pasrah. Nanging aku arep mbéla
penggawéku ana ing ngarsané.
16 Bisa uga kekendelanku iki nylametaké
aku, merga wong ala ora bakal wani
sowan ing ngarsané Allah.
17 Saiki rungokna tembungku, titènana
ketranganku.
18 Aku wis siaga ngajokaké prekaraku;
aku yakin yèn aku bener.
19 Dhuh Allah, menawi Paduka rawuh
nggugat dhateng kawula, kawula badhé
mèndel, nengga ajal kawula.

[20] Nanging panyuwun kawula kalih
prekawis menika mugi Paduka jurungi,
supados kawula wani sowan malih.
[21] Panyiksa Paduka mugi Paduka
kèndeli, lan sampun ngantos kawula
kadamel giris mergi kasektèn Paduka!
[22] Kawula aturi ngandika, kawula badhé
nyaosi wangsulan. Utawi kawula ingkang
matur, lajeng kersaa Paduka paring
wangsulan.
[23] Dosa lan kalepatan menapa
kémawon ingkang kawula lampahi? Lan
sedaya panerak[j] kawula mugi Paduka
ngandikakaken!
[24] Kénging menapa Paduka nyingkiri
kawula? Kénging menapa kawula Paduka
anggep mengsah?
[25] Kawula rak namung ron garing
ingkang dhawah kabur kanginan,
kénging menapa kawula Paduka ancam?
Kawula rak namung damèn garing,
kénging menapa Paduka oyak-oyak?
[26] Paduka njalari kawula ngalami nasib
awon, kalepatan-kalepatan kawula
nalika taksih laré Paduka wales.
[27] Suku kawula Paduka ranté srana
tosan; sapolah-tingkah kawula Paduka

---

[j]panerak: pelanggaran (bhs. Ind.).

pirsani. Dumugi tlapakané suku kawula
mboten oncat saking paningal Paduka.
28 Pramila kawula lajeng dados kajeng
gapuk, kados sinjang ingkang katedha
ing renget.

14 1 Wiwit lair mila manungsa menika
ringkih, tanpa daya; umuripun
celak lan kebak kasangsaran.
2 Kados sekar ingkang semi lajeng
alum; ical kados ayang-ayangan, lan
mboten dhateng malih.
3 Dhuh Allah, menapa inggih Paduka
kersa mirsani dhateng kawula, sarta
ngladosaken kawula dhateng pengadilan
Paduka!
4 Menapa saged manungsa
ingkang nandhang dosa ngasilaken
kasampurnan?
5 Umuripun manungsa sampun
Paduka tetepaken watesipun; cacahing
wulanipun sampun Paduka temtokaken.
Semanten ugi wates-watesing
gesangipun; mokal saupamia badhé
nglangkungi.
6 Mbok dipun kèndelna kémawon,
sampun ngantos dipun ganggu, supados
ngraosaken ayem gesangipun ngantos
satelasing tugasipun.

7 Tumraping wit ingkang kategor taksih
wonten pengajeng-ajeng, saged trubus
malih lan ngedalaken pang.
8 Senajan oyodipun ing siti dados
gapuk, lan sogolipun pejah mergi bosok;
9 nanging samangsa kagepok ing toya,
badhé tuwuh malih; kados taneman
nèm, ngedalaken pang-pangipun.
10 Nanging menawi manungsa pejah,
telas riwayatipun, menawi pejah lajeng
dhateng pundi purugipun?
11 Kados toyaning tlaga ingkang
nguwap, kados lèpèn ingkang asat, telas
toyanipun,
12 mekaten ugi manungsa ingkang
pejah: mboten badhé tangi malih.
Mboten badhé polah selaminipun taksih
wonten langit, mboten badhé nglilir ing
salebeting tilemipun.
13 Kawula keparenga umpetan ing
alamipun tiyang pejah. Kawula mugi
Paduka ayomi, ngantos paukuman
Paduka sirep. Paduka mugi netepaken
wekdal kagem menggalih dhateng
kawula.
14 Sebab, menawi manungsa pejah,
menapa saged tangi malih? Saben dinten

kawula badhé nengga giliran kawula,
ngantos puputing kasangsaran kawula.
15 Kawula badhé Paduka timbali, lan
kawula badhé nyaosaken wangsulan.
Paduka badhé ngasihi kawula malih,
titah ingkang kadamel ing asta Paduka.
16 Tindak-tanduk kawula lajeng badhé
Paduka awasi, nanging dosa kawula
mboten badhé Paduka penggalih.
17 Dosa kawula lajeng badhé Paduka
apunten lan Paduka singkiraken;
kalepatan kawula nalika laré badhé
Paduka lebur.
18 Redi-redi mbénjing badhé sami
jugrug, lan redi séla ingkang sentosa
badhé mingser saking papanipun.
19 Séla-séla badhé dipun krikiti déning
toya ingkang mili santer; siti badhé
katut ilining toya jawah ingkang deres.
Kados mekaten Paduka badhé ngremuk
pengajeng-ajengipun manungsa.
20 Piyambakipun badhé Paduka
kawonaken ing selaminipun. Paduka
tundhung lan Paduka gantos rupinipun.
Lajeng sami késah lan nengga ajalipun.
21 Anak-anakipun dados tiyang mulya,
nanging piyambakipun mboten sumerep.
Lan menawi sami dhawah ing kanisthan,

mboten wonten tiyang ingkang nyriyosi
piyambakipun.
22 Piyambakipun namung ngraosaken
sakit ing badanipun piyambak, lan
perihing nyawanipun.

15

1 Élifas: Ayub, kandhamu kuwi
ngawur, ora ana gunané. Ora ana
wong wicaksana sing wangsulané kaya
mengkono. Ora bakal ngéloni anaké
dhéwé nganggo tembung sing ora ana
tegesé.
2 (15:1)
3 (15:1)
4 Saupama karepmu dituruti, ora ana
wong sing wedi lan gelem ndedonga
marang Allah menèh.
5 Tembungmu dhéwé mbuktèkaké
yèn kowé kuwi salah, nanging pialamu
koktutupi nganggo ketrangan sing
ruwed.
6 Aku ora susah nggugat lan nyalahaké
kowé, sebab kowé digugat déning
tembungmu dhéwé.
7 Apa rumangsamu kowé kuwi
manungsa sing lair dhisik dhéwé? Nalika
gunung-gunung dititahaké apa kowé ana
ing kono?

8 Apa kowé krungu nalika Allah gawé
rancangan? Apa mung kowé dhéwé sing
kadunungan kawicaksanané manungsa?
9 Kabèh sing kokweruhi, aku iya weruh;
kabèh sing kokngertèni, aku iya ngerti.
10 Kawicaksanan iki daktampa saka
wong sing wis uwanen; wong kuwi wis
ana nalika bapakmu durung lair.
11 Gusti Allah kersa paring panglipur,
yagéné koktampik? Kandhaku atas
Asmané Allah, klawan sabar lan alus.
12 Nanging yagéné kowé nepsu,
mripatmu mentheleng.
13 Kowé nepsu marang Allah lan
dhawuhé kokbantah.
14 Apa bisa manungsa ora duwé dosa
babar-pisan? Apa bisa manungsa tinemu
resik ing ngarsané Allah?
15 Lha wong malaékat waé ora bisa
diprecaya déning Allah; ana ing
paningalé Allah padha ora suci.
16 Apa menèh manungsa sing wis
rusak merga hawa-nepsuné, merga wis
ngombé piala kaya ngombé banyu.
17 Ayub, rungokna kandhaku,
18 piwulangé wong wicaksana marang
aku. Piwulang iki ditampa saka leluhuré,
sing diterusaké marang anak-putuné.

19 Ing wektu semono durung ana wong
manca teka ing tanahé; durung ana
wong sing nasaraké saka Allah.
20 Wong ala sing dhemen nenindhes,
sajegé urip bakal nandhang giris.
21 Bakal tansah krungu panjerit sing
mbudhegaké kuping; bakal dirampog ing
wektu sing dikira tentrem.
22 Wong mau ora duwé pengarep-arep
ngéndhani tekané pepeteng, awit
sawayah-wayah arep dipatèni nganggo
pedhang.
23 Wong mau nglambrang golèk pangan
ana ing endi-endi. Weruh yèn dina
patiné, wis cumepak ana ing adhakan.
24 Kacilakan tekané kaya raja gagah
prakosa, sing siaga arep numpes
dhèwèké.
25 Mengkono nasibé wong sing nantang
marang Allah, sing wani nglawan marang
Kang Mahakwasa.
26 Klawan angkuh Allah diserang;
tamèngé diangkat, emoh mundur.
27 (15:26)
28 Manggoné ing kutha-kutha sing tilas
digempur, ing omah-omah suwung.
Kutha-kutha mau wis ditemtokaké tetep
dadi gempuran.

29 Kasugihané wong mau bakal sirna
tanpa tilas; raja-branané bakal ludhes
kabèh.
30 Wong mau bakal ora uwal saka
pepeteng; bakal kaya wit sing pang-
pangé kobong, lan sogolané garing kena
panasé geni. Wong kuwi bakal sirna
déning napasé Pangéran.
31 Wong sing ngendelaké marang piala
bakal kapusan; sing ditampa opahé
kadurakan; kuwi iya tanpa guna.
32 Wong mau bakal mati sadurungé
tekan mangsané, kaya pang sing alum
lan ora bisa dadi ijo menèh.
33 Wong kuwi kaya wit anggur, sing
gogrog pentilé, kaya wit zaitun sing
rontog kembangé.
34 Wong sing ora nganggep marang
Allah bakal cures turuné; omah sing
dibangun saka hasil sing ora samesthiné
bakal kobong.
35 Mengkono wong sing ngrancang
tumindak ora bener. Isining atiné mung
ngrancang piala.

16 1 Ayub: Aku wis kerep krungu
panemu sing mengkono kuwi;
panglipurmu mung wujud panyiksa
tumraping aku.

2 (16:1)
3 Mbésuk kapan enggonmu lèrèn
kandha ngawur mengkono kuwi? Apa
sing njalari kowé awèh wangsulan kaya
mengkono?
4 Saupama kowé ngalami kaya aku, lan
aku kaya kowé, aku iya bisa kandha kaya
kowé mengkono. Kowé bakal dakwelek
piwelèh sing akèh-akèh; lan aku iya
bakal gèdhèg-gèdhèg.
5 Aku iya bakal nguwataké atimu srana
pamrayoga-pamrayoga; aku iya bakal
nglipur kowé srana lambéku.
6 Yèn aku caturan, ora ana gunané, lan
yèn aku meneng waé, kasangsaranku
ora suda.
7 Aku wis digawé kesayahen déning
Allah, brayatku wis ditumpes kabèh.
8 Panjenenganè wis nglawan aku lan
aku didadèkaké tawanané. Saiki awakku
kuru, garing lan lumrahé wong ngarani
yèn kuwi buktiné enggonku wis gawé
dosa.
9 Paukumané Allah presasat
nyengkerem aku, merga saka dukané.
10 Wong-wong padha moyoki aku,
aku dièncepi; aku dikroyok lan pipiku
ditapuki.

11 Allah masrahaké aku marang wong
duraka; aku diulungaké ing tangané
wong ala.
12 Biyèn uripku tentrem lan ayem,
nanging aku diserang dadakan déning
Allah. Githokku dicekel lan aku dibanting
ing lemah; aku didadèkaké sasaran
panahé.
13 Aku dipanah ora kendhat-kendhat,
tanpa welas, nganti jeroanku metu
kabèh.
14 Panjenengané nyerang aku kaya
wong perang, lan bola-bali milara aku.
15 Aku nganggo sandhangan bagor
merga saka prihatinku, lan nglésod
ing awu merga dibanting déning
Panjenengané.
16 Enggonku nangis nganti raiku abang
mbranang, tlapukané mripatku nganti
pendul lan biru.
17 Nanging aku ora tau meksa, lan
pandongaku marang Pangéran klawan
terusing ati.
18 Dhuh bumi, aja nutupi piala sing
ditindakaké marang aku. Lan aja nasabi
getihku, pesambatku njaluk kaadilan aja
disidhem.

19 Aku ngerti yèn sing mbélani aku ana
ing swarga; Panjenengané sing neksèni
yèn aku ora gawé dosa.
20 Aku dipoyoki lan digeguyu
déning kanca-kancaku; karo nangis
enggonku sowan marang Allah nyuwun
pitulunganė.
21 O mbokiya Allah piyambak sing
mbélani aku ana ing ngarsané; kaya
wong sing rila mbélani mitrané.
22 Uripku wis ora suwé menèh, sedhéla
engkas aku bakal mangkat lan ora bali
menèh.

17 1 Ajalku wis cedhak lan aku wis
sayah; kuburku wis cemepak.
2 Aku dadi poyokané wong; aku ngerti
enggoné padha ngrasani ala marang
aku.
3 Dhuh Allah, kawula matur blaka,
kawula aturi mirsani! Sinten malih
ingkang saged mbiyantu neksèni
tembung kawula?
4 Tiyang-tiyang menika manahipun
mugi Paduka pepeti supados mboten
mangertos; sampun ngantos saged
nimbang ing saleresipun.

5 Wonten bebasan: Sing ngedol mitrané
merga mburu bathi, anak-anaké sing
bakal nampa piwalesé.
6 Samenika kawula dipun raosi mawi
bebasan menika; tiyang sami dhateng
ngidoni kawula.
7 Mripat kawula blawur mergi saking
sedhih; badan kawula kera aking.
8 Tiyang mursid sami kagèt lan gumun;
sami mestani bilih kawula menika tiyang
lamis.
9 Tiyang mursid ingkang tanpa cacad
lampahipun, langkung yakin, gesangipun
damel renaning Allah.
10 Nanging saupami sami dhateng mriki
sedaya, badhé mboten wonten setunggal
kémawon ingkang pinanggih wicaksana.
11 Umur kawula mèh telas; rancangan
kawula buyar sedaya, ical sirna
idham-idhaman kawula.
12 Nanging para mitra kawula sami
mungel, "Wengi kuwi raina, padhangé
wis mèh teka." Nanging ing salebeting
manah kawula mangertos, bilih
kawontenan kawula badhé tetep peteng.
13 Kawula namung ngajeng-ajeng
dhatenging alamipun tiyang pejah,

ing ngrika kawula badhé ngaso ing
petengan.
14 Kubur badhé kawula sebut:
"Bapakku," lan sèt-sèt ingkang nedha
badan kawula badhé kawula sebut: "Ibu"
lan "Sedulurku wadon".
15 Pramila menapa ta ingkang badhé
kawula ajeng-ajeng malih? Sinten
ingkang badhé nyukani kabegjan
dhateng kawula?
16 Samangsa kawula mlebet ing
alamipun tiyang pejah, kawula sampun
mboten badhé gadhah pengajeng-ajeng
malih.

18 1 Bildad: "Hé, Ayub, mbésuk
kapan enggonmu meneng ora
caturan? Menenga, saiki gentèn aku sing
arep kandha.
2 (18:1)
3 Yagéné aku kokanggep bodho, lan
kokpadhakaké sapi?
4 Nepsumu mung gawé larané atimu
dhéwé. Apa merga kepentinganmu bumi
kudu dadi sepi, lan gunung-gunung
dielih saka papané?
5 Oncoré wong ala mesthi dipatèni; lan
geniné ora bakal diurubaké menèh.

6 Pepadhang ing kémahé bakal surem;
lampuné gantung bakal ora murub
menèh.
7 Jangkahé bakal ora mantep, lakuné
gloyoran, bakal kesandhung rancangané
dhéwé.
8 Lakuné ngambah ing jaring, mulané
sikilé kesrimpung.
9 Tungkaké klebu ing kala, temah wong
mau kejiret.
10 Ing lemah kena jiret sing kaling-
kalingan; ing dalan, kena pasangan
kala.
11 Wong ala didingkik déning prekara
sing nggegirisi, sing ngebyuki saka
endi-endi, paukuman ngetutaké ing
salaku-lakuné.
12 Biyèn dhèwèké rosa, nanging saiki
wetengé kaliren; mrana-mréné tansah
ditutaké déning kasangsaran.
13 Kulité kebak borok; tangan lan sikilé
kebak wudun nanahen.
14 Dhèwèké diglandhang saka kémahé,
disèrèd ngadhep marang Ratuning Pati.
15 Saiki sapa waé kena ngenggoni
kémahé, lirang disebar kanggo nambani
lelarané.

16 Brayaté kaya oyod sing garing;
anak-turuné kaya pang sing alum lan
kisut.
17 Wong ora tepung menèh karo
dhèwèké, siji waé wis ora ana sing
kèlingan jenengé wong sing ana ing
kutha, utawa sing ana njabané.
18 Dhèwèké disingkiraké saka papan
sing padhang menyang papan sing
peteng, ditundhung saka donyané wong
urip.
19 Tedhak-turuné wis cures; ing désané
wis ora duwé sanak-sedulur.
20 Krungu kaananané, wong sisih Kulon
padha kagèt, lan wong sisih Wétan, saka
wediné padha gemeter.
21 Kaya mengkono kedadéané wong
duraka, lan wong sing ora maèlu marang
Allah."

19 1 Ayub: Ayub mangsuli, "Yagéné
aku tansah kokrèmèhaké, lan
kokpilara srana tembung-tembungmu.
2 (19:1)
3 Bola-bali kowé gawé larané atiku, lan
ora isin nganiaya aku.
4 Saupama penggawéku ana salahé,
aku rak ora gawé rugimu.

5 Apa rumangsamu kowé luwih becik
tinimbang aku; kasangsaranku kokenggo
mbuktèkaké yèn aku wong dosa.
6 Satemené aku lagi diperdi déning
Allah, dijiret déning kala-jireté.
7 Aku nolak merga ambek siyané,
nanging ora ana wong sing nggatèkaké
aku. Aku celuk-celuk njaluk kaadilan,
nanging ora ana sing ngrungokaké aku.
8 Dalanku dipepeti déning Allah nganti
ora bisa liwat, dalanku digawé peteng
ndhedhet.
9 Bandhaku dirampas kabèh, jenengku
dirusak.
10 Aku dibedhol saka omahku kaya wit,
banjur ditégakaké alum lan mati, nganti
entèk pengarep-arepku.
11 Dukané Allah marang aku ora
karuwan, aku dianggep satruné.
12 Tentarané nyerbu bebarengan,
kémahku dikepung mubeng."
13 Aku diedohaké saka sanak-sedulurku;
nganti kenalanku padha ora tepung karo
aku.
14 Kula-wargaku padha nyingkiri aku;
para mitraku padha lali karo aku.
15 Wong sing tunggal saomah karo aku
padha lali karo aku; baturku wadon

padha pangling karo aku, bendarané,
aku dianggep wong sing ora ditepungi.
16 Baturku dakundang, nanging ora
gelem semaur, senajan klawan tembung
melas-asih.
17 Bojoku mutah yèn mambu gandaku,
sedulurku tunggal bapa-biyung ora sudi
nyedhaki aku.
18 Bocah-bocah ing dalan padha moyoki
aku; yèn aku ngadeg, aku digeguyu.
19 Mitraku kenthel jijik ndeleng
aku; wong sing daktresnani padha
ngungkuraké aku.
20 Awakku kari balung karo kulit; sing
isih mung kari gusiku.
21 Hé para mitraku, padha melasana
aku, sebab aku digebag déning astané
Allah.
22 Panjenenganè terus metek aku;
yagéné kowé mèlu-mèlu? Apa durung
cukup enggonmu nyiksa aku?
23 Muga tembungku ditulis, temah bakal
selawasé ora dilalèkaké,
24 ditulisa ing watu nganggo tatah,
supaya ora sirna ing selawasé.
25 Aku sumurup yèn Juru Slametku
gesang; wekasané Panjenenganè bakal
wungu mitulungi aku.

26 Senajan kulitku rusak banget, malah
senajan tanpa daging pisan, aku bakal
nyawang marang Allah.
27 Panjenengané bakal daksawang
nganggo mripatku dhéwé, lan aku ora
bakal pangling karo Panjenengané. Aku
semplah merga tembungmu,
28 "Kepriyé patrapé nyiksa dhèwèké?"
Kowé golèk dhadhakan kanggo nyerang
aku.
29 Nanging saiki, padha wedia karo
pedhang! Sebab Allah duka lan ngukum
marang dosa; mulané padha ngertia,
yèn ana Allah sing ngadili manungsa.

20 1 Zofar: Hé Ayub, atiku
ora kepénak ngrungokaké
tembungmu, mulané aku arep énggal
mangsuli.
2 (20:1)
3 Tembungmu kuwi satemené gawé
wirang, mula arep dakwangsuli apa
mesthiné.
4 Apa kowé ora ngerti, yèn wiwit jaman
kuna mula, wiwit manungsa dititahaké
ing alam donya,

5 kasenengané wong ala kuwi mung
sedhéla, semono uga kabungahané
wong duraka mung sakedhèp nétra.[k]
6 Senajan kaluhurané sundhul langit,
lan sirahé tekan ing méga,
7 nanging wong mau bakal lebur ing
selawasé, musna saka jagad nganggo
cara sing asor. Wong-wong sing tau
tepung karo dhèwèké, bakal padha
takon, "Wongé ana ing endi?"
8 Wong mau ilangé kaya impèn, kaya
rerupan sing katon ing wayah bengi.
9 Ora katon ing mripat menèh;
panggonané wis suwung.
10 Apa sing biyèn dicolong saka
wong miskin, anak-anaké sing kudu
mbalèkaké.
11 Senajan dhèwèké wong nom sing
gagah prakosa, ora suwé menèh bakal
bali dadi lebu.
12 Piala rasané legi ing ilaté! Arep diulu
éman-éman. Banjur diemut ing ngisor
ilaté, supaya suwé ngrasakaké énaké.
13 (20:12)

---

[k]nétra: mripat. Sakedhèp nétra: sekedhap sanget.

14 Nanging panganan mau ana ing
weteng malih, dadi racun sing pait
mbebayani.
15 Barang colongan sing diulu, kepeksa
dilepèh menèh; diwetokaké déning Allah
saka wetengé.
16 Wong ala kuwi presasat nesep racun,
mulané bakal mati kaya dicokot ula
mandi.
17 Wong mau bakal ora weruh iliné
lenga zaitun sing lubèr, utawa susu lan
madu sing turah-turah.
18 Bebathèné kudu dibalèkaké; ora
bakal ngrasakaké asiling kangèlané.
19 Sebab wis nindhes lan négakaké
wong ora duwé; ngrampogi omah-omah
sing ora dibangun dhéwé.
20 Sarèhné mung kepéngin mangan,
mulané ora tau krasa wareg.
21 Apa sing dipangan dientèkaké kabèh,
mula kasugihané ora langgeng.
22 Bareng ketekan kabegjan,
kasangsarané jumedhul.
23 Nalika nedheng-nedhengé mangan,
Allah rawuh karo duka bareng karo
paukumané.

24 Yèn wong mau ngéndhani pedhang
waja, bakal ditatoni déning panah
tembaga.
25 Merga saka panah, temah ketaton;
pucuké panah sing mengkilap nancep
ing awaké, mula atiné ketaman giris.
26 Raja-branané lebur kabèh. Wongé
dhéwé lan brayaté, kobong ing geni sing
ora disumed déning manungsa.
27 Pialané kawiyak déning langit; bumi
mèlu nglawan dhèwèké.
28 Kasugihané bakal ludhes kabèh,
déning mulad-mulading paukumané
Allah.
29 Kaya mengkono kaanané wong ala,
sing dikersakaké déning Allah.

21

1 Ayub: Rungokna tembungku,
"Mung kuwi penjalukku.
2 (21:1)
3 Aku sabarana, supaya bisa nglairaké
rasané atiku, sawisé kuwi terusna
enggonmu memoyok!
4 Enggonku sesambat ora marang
manungsa, mulané karebèn aku kurang
sabar.
5 Delengen aku, kowé mesthi gumun,
lan mbungkem lambé sarta nahan
tanganmu.

[6] Yèn mikir kaananku iki, aku banjur gemeter merga giris.
[7] Yagéné wong ala diganjar umur dawa déning Pangéran, lan bandhané saya tambah akèh?
[8] Umuré dawa, temah bisa nyawang anak-putuné dadi wong diwasa.
[9] Brayaté padha tentrem tanpa kuwatir; padha ora ngalami kasangsaran saka Pangéran.
[10] Raja-kayané tangkar-tumangkar, enggoné manak gangsar.[l]
[11] Anak-anaké wong ala padha seneng-seneng, kaya cempéné wedhus gèmbèl enggoné jingklak-jingklak.
[12] Padha ramé giyak-giyak enggoné menyanyi, diiringi terbang, suling lan kecapi.
[13] Sajegé uripé padha mukti, lan patiné kanthi tentrem ayem.
[14] Mangka wong-wong mau padha muni marang Allah, ‘Sampun celak-celak kaliyan kula. Nebihana kula! Kula mboten preduli lan mboten kepéngin mangertos kersanipun Pangéran ing ngatasing gesang kula!’

---

[l] gangsar: rancag.

15 Ujaré, ‘Ngabekti marang Allah kuwi
apa gunané, lan nyenyuwun marang
Panjenenganè kuwi apa paédahé?
16 Apa ora merga kekuwatan kita
dhéwé, kita bisa nggayuh maksud lan
tujuan kita?’ Nanging aku ora mengkono,
pikiran lan panemu sing mengkono
adoha saka aku.
17 Oboré wong ala kerep dipatèni,
kerep padha mikul kasangsaran. Kerep
diganjar memala déning Allah merga
saka dukané.
18 Wong kuwi kaya dami kasebul déning
angin lan mrambut kabur ing prahara.
19 Kowé kandha, ‘Anak diukum déning
Allah merga bapakné.’ Nanging aku
kandha, ‘Sing diukum déning Allah kuwi
wong dosa, supaya wong mau krasa yèn
dhèwèké wis gawé dosa, mulané diukum
déning Allah.
20 Karebèn wong dosa mikul dosané
dhéwé, karebèn ngrasakaké paukumané
Allah sing mahaluhur.
21 Yèn manungsa wis tekan ajalé, apa
kober mikiraké kabegjané anaké?
22 Apa manungsa bisa memulang
marang Allah, sing ngadili manungsa ing
akérat?’

23 Ana wong sing sajegé urip awaké
seger; nuli mati sajroné isih kuwat.
24 (21:23)
25 Wong liyané mati merga ngenes,
ora tau ngrasakaké kabegjan lan
katentreman.
26 Nanging loro-loroné padha
bebarengan jèjèr ing kuburan, sekaroné
dirubung sèt lan cacing.
27 Pancèn aku ngerti apa sing lagi
kokgagas lan sakèhé pialamu sing
kokrancang.
28 Kowé takon, ‘Ana ing endi omahé
penggedhé sing gawéné tumindak ala?’
29 Apa kowé durung nakoni wong sing
padha nglembara? Apa kowé ora precaya
karo kandhané wong-wong mau?
30 Kandhané mengkéné, ‘Ing dinané
Allah nekakaké paukuman,’ para wong
ala padha dislametaké.
31 Ora ana sing nggugat marang
penggawéné; ora ana sing males
pialané.
32 Padha digawa menyang kuburan,
dilebokaké ing jugangan; kuburé dijaga
klawan ngati-ati.

33 Éwon cacahé wong sing nguntapaké layoné; banjur kalayan kepénak diurugi lemah."
34 Mulané kabèh panglipurmu mau mung presasat hawa, lan kandhamu kabèh mau apus-apusan.
22 1 Élifas: Ing antarané manungsa sajagad, ora ana sing maédahi marang Allah. Senajan luhur budiné, manungsa mung kanggo awaké dhéwé.
2 (22:1)
3 Apa paédahé tumraping Allah, yèn kowé nglakoni kersané? Gunané apa kagem Allah, yèn uripmu sampurna?
4 Ora merga enggonmu wedi marang Allah, kowé digugat lan dianggep salah,
5 nanging merga saka akèhé dosamu, lan kelakuan ala sing koktindakaké.
6 Yèn sedulurmu ora bisa nyaur utangé, sandhangané kokrampas kabèh.
7 Wong ngelak ora kokwènèhi ngombé, sing kaliren ora kokwènèhi mangan.
8 Pangkatmu lan pangwasamu kokenggo ngrampas lemahé wong kabèh.
9 Para randha ora koktulungi, malah bocah lola kokaniaya.

10 Mulané ing kiwa-tengenmu akèh
kala-jiret, lan ora kenyana-nyana atimu
dadi giris.
11 Pepeteng nutupi pandelengmu nganti
kowé ora weruh; kowé kleleb ing banjir
bandhang sing hébat.
12 Apa Gusti Allah ora dedalem ing
swarga kang luhur, sarta mirsani
mengisor marang lintang-lintang sing
dhuwur dhéwé?
13 Nanging kowé takon, "Panjenengané
pirsa apa? Panjenengané kaling-kalingan
méga lan ora bisa ngadili kita."
14 Apa rumangsamu pamirsané
ketutupan ing méga, nalika tindak miyos
ing watesé langit lan bumi?
15 Apa kowé tetep arep ngambah dalan
sing diambah déning wong duraka?
16 Nyawané dipecat sadurungé tekan
wektuné mati, kéntir ing banjir bandhang
sing nekani.
17 Mengkono kuwi kaanané wong sing
wani nampik marang Allah, lan ngira yèn
Allah ora bisa males apa-apa.
18 Mangka sing ndadèkaké wong-wong
mau sugih, kuwi Allah piyambak! Aku
satemené ora ngerti pikirané wong ala.

19 Wong sing becik lakuné bakal
gumuyu lega, yèn weruh wong ala tampa
paukuman.
20 Barang darbèké wong ala lebur sirna,
sisané entèk diobong ing geni.
21 Saiki, Ayub, rukuna menèh karo
Allah, supaya atimu tentrem. Yèn kuwi
koklakoni, kowé mesthi ora bakal tuna.
22 Pitedahé Allah tampanana, simpenen
ing atimu.
23 Mratobata marang Allah karo
ngasoraké atimu, lèrèna gawé piala ing
omahmu.
24 Emasmu sing aji dhéwé buwangen,
uncalna ing dhasaring kali mati.
25 Sing Mahakwasa kuwi dadia emasmu,
lan slakamu sing pengaji.
26 Mulané kowé bakal tansah
precaya marang Allah, lan ngerti
yèn Panjenenganė kuwi sumbering
kabegjanmu.
27 Yèn kowé ndedonga, Panjenenganė
bakal paring wangsulan, lan kowé kudu
netepi sakèhé janjimu.
28 Pangudimu bakal olèh gawé, lan
dalanmu bakal tansah kepadhangan.

29 Wong angkuh bakal diasoraké déning Allah, nanging wong andhap-asor bakal dislametaké.
30 Yèn kowé ora salah, Allah bakal mitulungi kowé, semono mau yèn kowé nglakoni kersané.

23 1 Ayub: Saiki pesambatku malih dadi nglawan marang Allah; astané metek aku, nganti aku sesambat.
2 (23:1)
3 Sukur yèn aku bisa ketemu karo Panjenenganė, lan kepareng séba ing ngarsané.
4 Prekaraku bakal dakjlèntrèhaké ing ngarsané, lan lambéku bakal mbélani sakatogé.
5 Aku kepéngin ngerti apa sing bakal dingandikakaké, lan kepriyé paring wangsulané.
6 Apa Panjenenganė bakal ngempakaké pangwasané marang aku? Ora! Panjenenganė mesthi kersa miyarsakaké aturku.
7 Aku ora keluputan lan kena mbélani prekaraku ing ngarsané, lan aku bakal diputus bébas déning Hakimku ing selawas-lawasé.

8 Gusti Allah dakgolèki ing Wétan, Kulon, Kidul lan Lor, nanging ana ing endi waé Panjenengané ora ana; aku ora bisa nemokaké.
9 (23:8)
10 Nanging Panjenengané pirsa paranku, iya sakèhé solah tingkahku. Saupama dilèlèra[m] kaya emas, bakal ketara yèn atiku resik.
11 Aku mbangun-turut kanthi setya; durung tau aku nyimpang saka dalan sing ditedahaké.
12 Dhawuh-dhawuhé Allah tansah daktetepi, kersané dakturut; dudu karepku sing dakanut.
13 Gusti Allah ora molah-malih penggalihé; ora ana sing keconggah nglawan Panjenengané. Panjenengané nindakaké apa sing dikersakaké.
14 Panjenengané bakal nindakaké rancangané ing ngatasé aku. Kejaba kuwi isih akèh rancangan liyané.
15 Saka wediku marang Panjenengané aku nganti gemeter. Angger dakrasakaké aku dadi sangsaya wedi.

---

[m]dilèlèr: kaejèrèr srana latu: diuji dengan api (bhs. Ind.).

16 Kang Mahakwasa kang gawé
semplahing atiku. Aku ora sirna merga
pepeteng, sing ngemuli awakku, lan
nutupi raiku.
17 (23:16)

24 1 Yagéné Allah ora netepaké dina
pengadilan, supaya saben wong
sing kenal Panjenengané olèh kaadilan?
2 Ana wong sing mindhah pageré,
supaya lemahé tambah amba. Ana sing
nyolong pepanthaning wedhus gèmbèl,
nuli dilebokaké ing kandhangé dhéwé.
3 Kuldi duwèké bocah lola diplayokaké;
sapiné randha direbut digawé
tanggungan.
4 Wong mlarat dialang-alangi nampani
pandumané, mula wong kesrakat
kepeksa padha ndhelik.
5 Wong mlarat kuwi kaya kuldi alasan,
sing golèk pangan ana ing rerungkudan;
mung ana ing kono ana pangan kanggo
anak-anaké.
6 Kepeksa wong mau nggarap lemahé
wong liya, sarta nglumpukaké woh
anggur duwèké wong ala.
7 Sandhangan ora duwé, apa menèh
slimut kanggo ngangetaké awaké ing
wayah bengi.

8 Wong mau teles kebes samangsa
kodanan ing gunung, banjur mèpètaké
awaké ana ing watu kanggo amping-
amping.
9 Bocah lola didadèkaké batur-tukon
déning wong ala, bayiné wong miskin
direbut kanggo nanggung utangé.
10 Sing miskin mau lunga tanpa
sandhangan; wetengé luwé sajroné
ngiles gandum ing pategalan.
11 Woh zaitun digawé lenga, woh anggur
digawé ombèn-ombèn, nanging wong
miskin mau dhéwé ora ngombé.
12 Ing kutha-kutha keprungu swarané
wong mlarat, wong lara sesambat njaluk
pitulung, nanging Allah ora miyarsakaké
panyuwuné, Panjenengané ora mreduli
lan ora menggalih.
13 Ana menèh wong sing ora seneng
karo pepadhang, lan ora ngerti marang
dhawuhé Allah, lakuné ngambah dalané
dhéwé.
14 Ing wayah subuh wong ala tangi turu,
metu saka omah banjur matèni wong
mlarat, lan yèn wayah bengi, lakuné cara
maling.

15 Wong laku bédhang ngentèni wayah
remeng-remeng; rainé dikudhungi
karebèn ora dititèni wong.
16 Maling mbabah omah ing wayah
bengi; yèn awan nyingkiri padhang lan
ndhelik.
17 Tumraping wong mau wayah ésuk
kuwi mbebayani, nanging yèn peteng
ndhedhet malah seneng. Zofar:
18 Wong ala kèntir ing banjir,
palemahané disepatani déning Allah,
kebon angguré saiki sepi; ora ana sing
nyambut-gawé ing kono.
19 Kaya salju sirna ing mangsa
ketiga merga déning srengéngé, kaya
mengkono wong dosa klebu ing donyané
wong mati.
20 Awaké dipangan sèt, lan wis ora
diélingi déning ibuné. Jenengé wis ora
disebut; wong mau sirna kaya wit rubuh.
21 Kuwi kabèh merga wong mau
nganiaya para randha, lan nyiksa wong
wadon sing ora duwé anak.
22 Nanging Allah Kang Mahakwasa
ngukum wong sing gagah prakosa. Allah
tumindak, temah wong duraka padha
semplah.

23 Wong mau ditangèkaké menèh, bisa
urip kanthi tentrem, nanging tansah
dipirsani déning paningalé Allah.
24 Enggoné urip tentrem mung sedhéla,
banjur mati ing selawasé. Wong kuwi
alum kaya suket sing tanpa guna,
dikethok kaya wulèné gandum.
25 Sapa sing bisa nyélaki barang sing
nyata iki, lan ngluputaké tembungku iki?
25 1 Bildad: Allah kuwi Mahakwasa;
saben wong kudu precaya marang
Panjenenganė. Gusti Allah kang nitahaké
katentreman ing swarga.
2 (25:1)
3 Sapa sing bisa ngétung malaékat sing
ngladosi? Apa ana panggonan sing ora
kesorotan ing padhangé?
4 Apa ana manungsa ketemu resik ing
paningalé Allah? Apa ana sing tanpa
cacad ing pamawasé?
5 Tumraping Allah mbok rembulan
pisan ora padhang, lan lintang dianggep
surem.
6 Apa menèh manungsa, mung presasat
sèt lan singgat. Ing paningalé Allah ora
ana ajiné.

26 [1] Ayub: Apa kokkira kowé bisa
awèh pitulungan marang aku,
wong sèkèng lan kesayahen!
[2] (26:1)
[3] Becik temen rembugmu lan piwulang
sing kokwènèhaké marang wong bodho
kaya aku iki.
[4] Sapa sing arep ngrungokaké tembung-
tembungmu kabèh mau? Sapa sing
mulang kowé kandha kaya mengkono?
Bildad:
[5] Wong-wong sing wis mati padha
gemeter ing ngarsané Allah; mengkono
uga banyu lan apa waé sing ana ing
njeroné.
[6] Ana ing ngarsané Allah donyané wong
mati ora ketutupan, nanging bukaken
nganti bisa kapirsanan.
[7] Allah menthèng[n] langit ing sisih Lor
lan bumi digantung tanpa canthèlan.
[8] Banyu dibuntel ana ing méga,
éwasemono mégané ora suwèk.
[9] Éndahing pangwasané didhelikaké
srana kabuntel ing méga.
[10] Lumahing segara wis diwatesi kanggo
misahaké padhang lan peteng.

---

[n] menthèng: njèrèng

11 Yèn Panjenenganè duka lan ngandika
sora, cagak-cagak sing nyangga langit
padha gemeter.
12 Samudra ditelukaké déning kwasané,
rahab diremuk déning kawicaksanané.
13 Srana napasé langit kagawé terang,
naga sing arep ucul dipatèni déning
astané.
14 Nanging kabèh mau mung
pretandhaning kwasané; sebawaning
swara lirih sing keprungu ing kuping
kita. Iba cethèké kawruh kita bab Allah
lan kaluhuranė.

27

1 Ayub: Atas asmané Allah
kang gesang, kang ora paring
kaadilan marang aku, atas asmané Kang
Mahakwasa kang gawé sedhihing atiku,
2 (27:1)
3 aku sumpah, sajroné aku isih diparingi
bisa ambekan déning Allah, sasuwéné
nyawaku isih ana ing badanku,
4 lambéku ora bakal ngucapaké goroh,
lan ilatku ora bakal ngapusi.
5 Mulané aku ora bakal mbeneraké
kandhamu; tekana mati pisan aku yakin,
yèn aku resik.
6 Dakcekeli temenan lan ora bakal
dakculaké panemuku, yèn aku bener.

Swarané batinku selawasé ora tau
nggugat aku.
7 Muga mungsuhku padha diukum kaya
wong ala, lan sing padha sengit marang
aku diukum kaya durjana.
8 Wong ala apa ana pengarep-arepé
samasa Allah njabut nyawané?
9 Apa Allah bakal miyarsakaké tangisé,
yèn wong mau ketekan kasangsaran?
10 Kuduné wong mau nyuwun
kabungahan saka Allah, lan ndedonga
tanpa rumangsa salah.
11 Kowé arep dakwulang bab Allah Kang
Mahakwasa; daksumurupaké marang
pangwasa lan kawicaksanané.
12 Nanging, kowé wis padha weruh
dhéwé. Yagéné enggonmu ngrembugi
aku kokora ana tegesé? Zofar:
13 Mengkéné iki carané Allah Kang
Mahakwasa ndhawahaké paukumané
marang wong ala lan duraka.
14 Yèn anaké akèh, anaké mau bakal
mati ing peprangan, anak-putuné uripé
bakal kecingkrangan.
15 Sanak-seduluré liyané bakal mati
merga pageblug, lan ora padha ditangisi
déning randha-randhané.

16 Senajan simpenané slaka akèh
banget lan sandhanganè tumpuk-
tumpuk,
17 nanging slaka lan sandhangan mau
kabèh bakal dadi duwèké wong sing
tulus atiné.
18 Omahé wong ala kropos kaya klamat
kemlandhingan, mung kaya gubugé
wong jaga, kanggo sawetara mangsa.
19 Nalika mapan turu isih kaya wong
sugih, nanging mung sepisan kuwi;
bareng tangi turu, bandhané wis entèk
gusis.
20 Tekané rasa giris kaya banjir
bandhang sing tekané dadakan. Kaya
lésus ing wayah bengi ngamuk lan
nyèrèd wongé, digawa lunga.
21 Dhèwèké diangkat déning angin sing
tekané saka Wétan, diglandhang saka
omahé.
22 Wong mau golèk papan kanggo
ngéyub, nanging dibenturaké déning
Allah tanpa diéman.
23 Nalika mlayu ngoncati astané, anginé
semiyut nggegirisi numpes dhèwèké.

28 1 Upama slaka ana asal-usulé, lan
upama ana panggonan kanggo
nglimbang.

2 Wesi dikedhuk saka lemah, tembaga
dijèr saka watu.
3 Peteng lelimengan dibrobosi,
panggonan sing jero dhéwé ditliti. Ana
ing panggonan sing peteng mau, wong
golèk watu akik.
4 Ana ing panggonan sing adoh Lor
adoh Kidul, sing durung tau kambah
ing wong, wong padha nyambut-gawé
gandhulan tali, ing njero trowongan sing
sepi mamring.
5 Bumi metokaké pangan kanggo
manungsa, nanging iya ing sangisoré
lemah, kabèh diwolak-walik, nganti
isining bumi mobrak-mabrik.
6 Watu ing bumi isi watu manila, awuné
kanggonan emas murni.
7 Manuk wulung ora weruh dalané
menyang papan pamelikan,[o] manuk
bidho iya durung tau mabur mrono.
8 Singa lan kéwan galak liyané durung
tau ngambah dalan sepi kuwi.
9 Watu sing atos banget dikedhuk
déning wong, dijugili nganti tekan
dhasaré.

---

[o]pamelikan: tambang (bhs. Ind).

10 Nalika gawé trowongan ing njero
gunung watu, wong mau nemu watu
akik sing pengaji.
11 Enggoné ngedhuk tekan sumbering
kali, banjur dibukak apa sing ketutupan.
12 Nanging kawicaksanan, ana ing
endi enggoné golèk? Ana ing endi
panggonané meguru supaya ngerti?
13 Kawicaksanan ora tinemu ing
antarané manungsa; ora ana sing ngerti
ajiné sing sabeneré.
14 Dhasar-dhasaring segara lan
samodra padha kandha kawicaksanan
dunungé ora ana ing kana.
15 Kawicaksanan ora kena dilironi emas
murni, ora kena dituku nganggo slaka.
16 Emas lan watu akik sing pengaji
dhéwé ora bisa nandhingi ajiné.
17 Emas utawa kristal kuwi dudu
tandhingé, ora olèh diijoli piranti sing
digawé saka emas murni.
18 Kawicaksanan luwih dhuwur ajiné,
tinimbang merjan, kristal utawa mutiara.
19 Watu topas sing asli lan emas sing
murni, ora sepira ajiné katandhing karo
akal budi.

[20] Kawicaksanan kuwi saka endi asalé?
Ana ing endi panggonané kawruh lan
pangerti?
[21] Titah sing urip durung tau weruh,
manuk ing awang-awang durung tau
ndeleng.
[22] Pati lan kawicaksanan kandha, "Aku
iya mung krungu wartané waé."
[23] Mung Allah piyambak pirsa
panggonané kawicaksanan, mung
Panjenengané kang pirsa dalané mrana.
[24] Merga Panjenengané pirsa tekan
pungkasaning bumi; samubarang kabèh
ing sangisoring langit diuningani.
[25] Nalika angin diparingi kekuwatan, lan
segara ditetepaké wates-watesé;
[26] nalika diatur tibané udan, lan dalan
sing diambah déning kilat lan gludhug,
[27] iya nalika semana kawicaksanan
kapirsanan, banjur dicoba sepira ajiné,
lan ndadèkaké mareming penggalihé.
[28] Allah ngandika marang manungsa,
"Pangabekti marang Allah kuwi
kawicaksanan, sarta nyingkiri penggawé
ala kuwi kaluwihaning budi."

29 [1] Saterusé Ayub muni mengkéné,
Ayub:

2 "Sukur menawa aku bisa ngalami urip
kaya biyèn, nalika semono aku diayomi
déning Allah.
3 Aku tansah dipitulungi, nalika mlaku
ing petengan dalanku dipadhangi.
4 Kuwi dina-dinaku sing begja dhéwé,
nalika omahku direksa merga enggonku
memitran karo Allah.
5 Nalika semono sing Mahakwasa ana
ing sisihku, lan aku dirubung déning
anak-anakku.
6 Raja-kayaku metokaké susu lubèr-
lubèr, wit zaitunku metokaké lenga akèh,
senajan ditandur ing lemah kebak watu.
7 Menawa para pinituwa padha lungguh
bebarengan, lan aku lungguh ing
antarané;
8 wong nom-noman padha sumingkir,
samangsa weruh aku ana ing kono. Uga
wong tuwa-tuwa padha ngadeg klawan
kurmat; saprelu awèh pakurmatan.
9 Para penggedhé padha mandheg
enggoné caturan,
10 para luhur ora padha ngandikan.
11 Kabèh wong padha gumun krungu
crita bab aku; sapa sing weruh aku,
ngalem marang jasaku.

12 Sebab wong miskin sing butuh
pitulungan daktulungi; bocah lola sing
kapiran dakopèni.
13 Wong sing sangsara padha
ngalembana marang aku, para randha
daktulungi, mula padha tentrem.
14 Aku tumindak jujur tanpa cacad;
kaadilan selawasé dakjejegaké.
15 Tumraping wong wuta aku dadi
mripaté, tumraping wong lumpuh aku
dadi sikilé.
16 Tumraping wong miskin aku dadi
bapakné, tumraping wong manca aku
dadi pembélané.
17 Nanging pangwasané wong
ambek siya dakremuk, sing dianiaya
dakpitulungi.
18 Sing daksuwun muga aku kaparingan
umur dawa, lan mati ing omahku klawan
mareming ati.
19 Uripku kaya wit sing tuwuh subur,
oyodé nancep ing banyu lan pang-pangé
ditelesi déning ebun.
20 Wong kabèh padha ngalem marang
aku, kawibawanku ora tau suda.
21 Yèn aku ngandhani, wong kabèh
padha meneng, tembungku dirungokaké
temenan.

22 Sawisé aku rampung enggonku
guneman, ora ana menèh sing prelu
ditambahaké. Tembungku rumesep kaya
tumètèsé banyu udan.
23 Tembung-tembungku ditampa kanthi
bungah, kaya wong tani nampani tekané
udan ing mangsa rendheng.
24 Aku mèsem samangsa wong-wong
mau padha semplah atiné, padha
daksabari menawa kurang pengandelé.
25 Aku dadi pemimpiné, sing mutus
prekarané. Aku dadi pengiridé kaya raja
ing satengahing tentarané, lan padha
daklipur ing sajroning kasusahané."

30 1 "Nanging aku saiki digeguyu
déning wong sing luwih nom
tinimbang aku. Biyèn bapakné wong-
wong mau dakanggep ora patut angon
wedhusku, bebarengan karo asu kang
njaga wedhusku.
2 Tumraping aku wong-wong mau ora
ana paédahé. Merga wis padha ora duwé
kekuwatan.
3 Wong-wong kuwi padha kaliren,
temah padha mangan bonggol suket ing
ara-ara samun.

4 Padha mbedholi grumbulan ing ara-ara
samun mau, banjur mangani godhong
lan dhangkèlé.
5 Padha diusir karo diolok-olok, kaya
carané ngelokaké maling.
6 Manggoné ana ing guwa-guwa; omahé
ing sela-selaning gunung.
7 Ana ing ara-ara samun padha bengak-
bengok kaya kéwan, padha nggrombol
ing ngisor grumbulan ing ara-ara.
8 Padha ora ana jenengé lan ora ana
regané, wong-wong sing wis ditundhung
saka negarané.
9 Saiki padha teka nggeguyu aku,
ngarani kaananku lucu.
10 Aku dianggep asor lan njijiki, malah
raiku padha diidoni.
11 Merga aku wis digawé tanpa daya
déning Pangéran, wong-wong mau
padha wani ngumbar nepsuné marang
aku.
12 Grombolan mau nyerang aku saka
ngarep, nganti aku mlayu saka wediku.
Wong mau padha ngancam arep njégal
aku.
13 Dalanku dijugangi kanggo nibakaké
aku. Ora ana wong sing ngalang-alangi
wong-wong mau nyerang aku.

14 Tekané kaya banjir njugrugaké
témboké bètèngku. Tekané bebarengan
ngebyuki aku; nganti aku giris.
15 Kaya sumiyuté angin, mengkono
kaluhuranku sirna, kaya méga sing liwat,
kabegjanku ilang musna.
16 Saiki aku wis mèh tekan ajalku;
kasangsaranku ora saya suda.
17 Yèn bengi balungku linu kabèh; ora
kendhat-kendhat ngrasakaké lara kaya
dicoblosi.
18 Rasané guluku kaya ditekak déning
Allah piyambak, nganti klambiku
presasat njiret aku.
19 Aku diblesekaké ana ing lendhutan,
presasat lebu lan awu.
20 Kawula sesambat dhateng Paduka,
dhuh Allah, nanging mboten angsal
wangsulan; menawi kawula ndedonga,
Paduka mboten menggalih.
21 Kawula Paduka aniaya, Paduka
tindhes srana kasektèn Paduka.
22 Kawula Paduka tégakaken kabur
déning angin; ing salebeting angin lésus,
kawula Paduka ontang-antingaken.
23 Kawula sumerep, bilih kawula badhé
Paduka pejahi, kaklempakaken ing

panggènanipun sedaya tiyang ingkang
ngalami pejah.
24 Kénging menapa Paduka nyerang
tiyang ingkang cilaka, ingkang mboten
saged ngglawat kejawi nyuwun
kawelasan?
25 Menapa kawula mboten nangis
sesarengan kaliyan tiyang ingkang
kasisahan, lan nresnani dhateng tiyang
ingkang kecingkrangan?
26 Kawula nyuwun kabegjan lan
pepadhang, nanging ingkang dhateng
malah bilai lan pepeteng.
27 Kawula kados kasuwir-suwir déning
sedhih lan kasangsaran; saben dinten
saya wewah kasangsaran ingkang
kawula sandhang.
28 Ana ing pepeteng, tanpa pepadhang,
aku mak-makan, ana ing ngarepé wong
akèh aku sesambat njaluk pitulungan.
29 Swaraku sedhih melas-asih, kaya
tangisé asu ajag lan kaswari.
30 Kulitku malih ireng lan ngglodhogi,
awakku garing merga déning lara panas.
31 Biyèn aku krungu swarané tetabuhan
sing mbungahaké, saiki mung krungu
pesambat lan penangis thok."

31

1 "Aku janji nganggo sumpah, ora
bakal ndelengaké prawan kanthi
rasa birahi.
2 Apa pendamelé Allah marang kita?
Kepriyé enggoné males penggawéné
manungsa?
3 Wong dursila rak mesthi ketiban
paukuman, lan wong ala rak mesthi
tiwas.
4 Allah pirsa penggawéku kabèh;
tindak-tandukku tansah digatosaké.
5 Aku wani sumpah, yèn durung tau
tumindak slingkuh, durung tau aku
ngapusi.
6 Karebèn aku ditimbang nganggo
timbangan kaadilané Allah, mesthi bakal
pirsa yèn aku ora salah.
7 Saupama aku nylèwèng saka dalan
sing bener, utawa atiku kepéncut marang
prekara sing kotor, yèn tanganku najis
déning dosa,
8 karebèn wong liya sing mangan asilé
sing daktandur, lan asilé lemahku rusaka
kabèh.
9 Saupama aku tau kepéncut marang
bojoné tanggaku, lan karo ndhelik
dakinjen saka mburi lawang,

10 bojoku karebèn olah-olah kanggo
wong lanang liya, lan dituroni wong
lanang liya.
11 Menawa aku nglakoni dosa sing
mengkono, sapantesé aku tampa
paukuman.
12 Dosa kuwi bakal memangsa
kaya genining nraka. Sarupaning
barang-darbèkku entèk kobong.
13 Nalika baturku sesambat merga haké
daklanggar, dakrungokaké sambaté lan
dakrengkuh kanthi jujuring ati.
14 Yèn ora, kepriyé enggonku bakal
ngadhepi Allahku? Kepriyé wangsulanku
samangsa Panjenengané rawuh ngadili
aku?
15 Apa dudu Allah sing nitahaké
aku, semono uga sing nitahaké
batur-baturku?
16 Durung tau aku nampik, ora mitulungi
wong kesrakat, utawa négakaké wong
randha semplah atiné.
17 Durung tau aku négakaké bocah lola
kaliren, mangka aku kecukupan pangan.
18 Malah wiwit cilik dakrumati;
dakdhidhik sajegé uripku.
19 Yèn aku weruh wong kecingkrangan,
sing ora bisa tuku sandhangan,

20 wong mau dakenggoni klambi wol
saka wuluné wedhusku dhéwé, aku bakal
dialem kanthi tulusing ati.
21 Saupama aku tau ngapusi bocah
lola, merga yakin yèn bakal menang
prekaraku,
22 mbokya tugela tanganku karo pisan
lan sempal saka bauku.
23 Ora bakal aku tumindak mengkono,
sebab aku wedi marang paukumané
Allah.
24 Ora tau aku ngendelaké kesugihanku,
25 utawa ngegung-egungaké bandhaku.
26 Durung tau aku nyembah marang
srengéngé sing nyunaraké pepadhang
utawa rembulan sing éndah soroté.
27 Durung tau aku keblinger nyembah
marang dhèwèké, utawa tanganku
dakcucup kanggo ngurmati.
28 Dosa sing mengkono kuwi patut
diukum pati; merga wis nyingkur marang
Allah Kang Mahakwasa.
29 Durung tau aku bungah merga
mungsuhku nandhang sangsara, utawa
bungah-bungah merga dhèwèké nemu
cilaka.
30 Aku ora nggégé patiné mungsuhku,
ora tau aku gawé dosa sing mengkono.

31 Sing padha nyambut-gawé karo aku
padha weruh, yèn sapa waé sing teka
ing omahku, mesthi daksuguh mangan
sawaregé.
32 Lawangku dakwengakaké kanggo
wong manca; dakpenging nginep ana
ing dalan.
33 Wong liya padha nutupi dosané,
nanging aku ora tau mengkono.
34 Aku ora wedi marang panemuné
wong akèh, pamoyoké wong, aku ora
preduli. Ora tau aku ndhelik ana ing
omah, merga wedi diécé ing wong.
35 Yagéné wong padha ora ngandel
marang tembungku? Aku sumpah, yèn
kuwi mau kabèh bener. Muga Kang
Mahakwasa paring wangsulan marang
aku. Saupama pandakwané mungsuh
marang aku ditulis kabèh nganti kena
dakwaca,
36 bakal dakpasang ana ing pundhakku,
lan daktèmplèkaké ing sirah kaya
makutha.
37 Bakal dakaturaké marang Allah
sakèhé penggawéku, lan ana ing
ngarsané, aku kanthi bungah bakal
ndengèngèk ngangkat sirahku.

38 Saupama sing dakluku lemah colongan, sing dakrampas saka sing duwé,
39 saupama asilé entèk dakpangan, lan wongé sing nandur daktégakaké kaliren,
40 muga canthèl lan gandum aja tuwuh ing lemah mau, nanging thukula grumbulan eri lan alang-alang." Tekan seméné clathuné Ayub.

32

1 Ayub yakin banget yèn awaké dhéwé bener, mulané mitra telu-teluné padha ora gelem mangsuli menèh.
2 Nanging ing kono ana wong jeneng Élihu bin Berakèl, turuné Bus, kaum Ram. Élihu ora bisa ngampet nepsuné, merga Ayub mbeneraké awaké dhéwé lan nyalahaké Allah.
3 Uga nepsu karo mitrané Ayub telu-teluné, merga padha ora bisa madoni tembungé Ayub, senajan padha nyalahaké dhèwèké.
4 Élihu kuwi wong sing nom dhéwé ing antarané wong-wong mau, mulané ngentèni nganti liya-liyané wis padha nglairaké panemuné.
5 Bareng weruh yèn wong telu mau ora bisa mangsuli, Élihu karo nepsu,

6 muni mengkéné, "Aku iki isih nom
ketimbang kowé kabèh, mulané aku
pekéwuh nglairaké panemuku.
7 Osiké atiku, kowé sing wis padha akèh
umuré waé sing kandha, tur sing luwih
tuwa kudu nglubèraké kawicaksanané.
8 Nanging sing paring kawicaksanan
marang manungsa, mung Rohé Allah
Kang Mahakwasa.
9 Wong dadi wicaksana ora merga akèh
umuré; wong ngerti marang bebeneran
ora merga tuwané.
10 Mulané rungokna tembungku; aku
idinana nglairaké panemuku.
11 Klawan sabar aku ngrungokaké
enggonmu padha rembugan, lan
ngentèni sajroné kowé padha golèk
tembung sing wicaksana.
12 Dakgatèkaké temenan, mula krungu
enggonmu ora olèh gawé. Kowé ora bisa
mbuktèkaké endi tembungé Ayub sing
salah.
13 Kepriyé kowé kokbisa kandha, yèn
kowé duwé kawicaksanan? Mulané kowé
satemené wis kalah. Sing bisa paring
wangsulan marang Ayub mung Gusti
Allah.

14 Ayub guneman karo kowé, ora karo
aku, nanging aku ora arep mangsuli
kaya caramu.
15 Kowé kabèh ora bisa mangsuli; ora
ngerti apa sing kudu kokkandhakaké.
16 Kowé mung padha ngadeg
blangkemen. Apa aku mung kudu
ngentèni enggonmu wis ora bisa
guneman?
17 Ora! Saiki aku dakkandha; panemuku
arep dakwedharaké.
18 Aku wis ora sabar ngentèni,
tembungku ora kena dakampet.
19 Yèn aku meneng waé, aku bisa
mbledhos, kaya impes sing kebak
anggur anyar.
20 Aku kudu kandha supaya atiku lega;
aku kudu guneman lan awèh wangsulan.
21 Aku ora arep ngiloni sapa-sapa, lan
iya ora ana sing dakalembana.
22 Patrapé ngalem waé aku ora ngerti,
lan saupama aku nindakaké mengkono,
aku diukuma déning Allah.

33

1 "Saiki Ayub, rungokna temenan
tembungku iki.
2 Aku wis tata-tata arep kandha.
3 Kandhaku kanthi tulusing ati; aku
arep kandha sing sabeneré.

4 Rohé Allah wis nitahaké aku lan paring
urip marang aku.
5 Saiki, wangsulana yèn kowé bisa, sing
ngiloni kowé iku sapa?
6 Tumraping Allah, kowé lan aku ora
ana bédané, kita kabèh digawé saka
lempung.
7 Dadi kowé ora susah wedi karo aku;
aku ora duwé niat ngalahaké kowé.
8 Aku wis krungu tembungmu, lan aku
ngerti karepmu.
9 Kowé kandha, 'Aku ora duwé
keluputan. Aku tanpa cacad lan ora
nglanggar dhawuh.
10 Nanging Allah pados dhadhakan
kanggo nglawan aku, pendamelé marang
aku kaya marang mungsuh.
11 Sikilku diranté; lan solah-tingkahku
diulataké.'
12 Hé Ayub, panemumu sing mengkono
kuwi klèru! Gusti Allah kuwi luwih luhur
tinimbang manungsa.
13 Yagéné kowé ndakwa marang Allah,
yèn Panjenengané ora menggalih
marang pesambaté manungsa.
14 Senajan Pangéran ngandika nganggo
cara werna-werna, siji waé ora ana sing
nggatèkaké pangandikané.

15 Sajroné manungsa turu ing wayah
bengi, Pangéran ngandika ing impèn lan
wahyu.
16 Allah dhawuh supaya wong-wong
mau padha ngrungokaké, lan nggatèkaké
pepélingé.
17 Kersané supaya wong-wong mau
padha marèni enggoné gawé dosa, lan
ora padha gumunggung.
18 Supaya ora mbalèni karusakan; lan
dibébasaké saka pati.
19 Gusti Allah melèhaké wong nganggo
nekakaké lelara, nganti awaké lara
kabèh.
20 Wongé ora doyan mangan, pangan
sing dikaremi diemohi.
21 Awaké kuru aking, balung-balungé
katon kabèh.
22 Saiki dhèwèké wis mèh mulih
menyang akérat, wis cedhak karo
donyané wong mati.
23 Bisa uga ana siji ing antarané
Malaékaté Allah sing maèwu-èwu, teka
ngélingaké manungsa marang tugasé,
awit arep mitulungi dhèwèké.
24 Allah bakal ngasihi wong mau, karo
ngandika marang malaékaté, ‘Bébasna,

aja nganti wong kuwi marani alamé wong
mati, dhuwit tebusané wis Daktampani.’
25 Awaké wong mau bakal bali dadi
gagah prakosa, seger kaya nonoman.
26 Yèn ndedonga, Allah bakal paring
wangsulan, wong mau bakal ngabekti
klawan bungah lan Allah bakal mulihaké
kaanané.
27 Ing ngarepé wong akèh, wong mau
bakal awèh paseksi, ‘Dosaku akèh, sing
ala dakanggep becik, nanging Allah ora
ngukum aku.’
28 Aku ditahan déning Allah medhun ing
alamé wong mati, mula aku urip tekan
sepréné.
29 Wis bola-bali Allah nindakaké
mengkono kuwi,
30 kersané supaya manungsa slameta
lan nampa kabegjan sajegé uripé.
31 Mulané, Ayub, rungokna lan
kupingmu tilingna, menenga, aku sing
caturan.
32 Nanging yèn ana sing arep
kokkandhakaké, kandhakna! Yèn kowé
sing bener, aku bisa nampa.
33 Nanging yèn ora, menenga lan
rungokna tembungku; aku arep mulang
bab kawicaksanan marang kowé.

34

1 Kowé rak wong pinter lan
duwé budi? Mulané rungokna
tembungku iki kabèh.
2 (34:1)
3 Wong ngerti panganan kuwi énak, yèn
wis diicipi déning ilat, lan ngerti tembung
wicaksana, yèn wis dirungokaké ing
kupingé.
4 Prekara iki kudu kita tliti lan kita
udhari bebarengan.
5 Ayub kandha, ‘Aku ora duwé
keluputan, nanging Allah ora kersa
paring wangsulan marang aku.
6 Aku dianggep wong ngapusi, merga
aku kandha yèn aku ora salah. Saiki aku
nandhang sangsara, senajan aku ora
salah.’
7 Apa tumon wong sing kaya Ayub
iki, wong sing ora lèrèn-lèrèn olèhé
ngala-ala marang Allah sakepénaké?
8 Senengé memitran karo wong ala, lan
sesrawungan karo wong durjana.
9 Kandhané, ora ana gunané ngudi
nglakoni kersané Allah.
10 Hé, wong sing padha luhur ing budi,
rungokna! Apa Allah Kang Mahakwasa
nindakaké kaluputan?

11 Pangéran rak ngganjar manungsa
timbang karo penggawéné, lan maringi
manungsa laras karo kalakuané.
12 Allah Kang Mahakwasa rak ora
nindakaké piala, saben wong rak
diparingi keadilan.
13 Gusti Allah nampi pangwasa saka
sapa? Sapa sing masrahaké bumi
marang Panjenenganė?
14 Saupama Allah njabel Rohé lan
mundhut ambekan saka irungé,
15 apa titah sing ana nyawané ora
banjur mati, lan bali dadi lebu kaya
asalé.
16 Dadi, yèn kowé wicaksana, jajal
rasak-rasakna, kupingmu enggonen
ngrungokaké.
17 Yagéné Pangéran kang mahaadil
kokluputaké? Apa koksengguh Allah
sengit marang kaadilan?
18 Allah ngukum raja lan pangwasa, yèn
lakuné ala lan gawé duraka.
19 Panjenenganė ora ngiloni raja,
utawa mbédakaké wong sugih karo
wong mlarat, merga karo-karoné
Panjenenganė kang nitahaké.
20 Karo-karoné bisa mati dadakan ing
tengah wengi. Yèn diukum déning Allah

karo-karoné tumpes; senajan wong rosa
disirnakaké kanthi gampang.
21 Panjenengané ngulataké uripé
manungsa, solah-tingkahé dipirsani.
22 Senajan peteng ndhedheta kaya apa,
ora bisa ngaling-alingi wong dosa.
23 Ora prelu Allah netepaké wektuné,
kapan manungsa kudu sowan, supaya
diadili déning Panjenengané.
24 Tanpa ditliti lan dipriksa,
Panjenengané nglèrèni penggedhé
lan ngangkat gantiné.
25 Merga Panjenengané pirsa apa sing
padha dilakoni; mulané Panjenengané
nglèngsèr lan numpes ing wayah bengi.
26 Padha disiksa merga dosané, lan
diukum ing ngarepé wong akèh.
27 Merga padha ora nglakoni dhawuhé,
lan ora mreduli marang kersané.
28 Wong-wong mau padha njalari
wong mlarat padha sesambat; tangisé
dipiyarsakaké déning Allah.
29 Saupama Allah kèndel waé, sapa sing
wani nyapa Panjenengané? Saupama
Panjenengané ngaling-alingi wedanané,
sapa sing bisa nggolèki?

[30] Mulané bangsa-bangsa ora bisa
nulak anané pangwasa ala tumindak
sawenang-wenang.
[31] Ayub, apa kowé wis ngakoni
kesalahanmu marang Allah? Apa kowé
wis janji ora arep gawé dosa menèh?
[32] Apa kowé wis nyuwun supaya
dituduhaké dosamu? Apa kowé wis
sumpah ora arep gawé dosa menèh?
[33] Gusti Allah ora bakal njurungi
panyuwunmu, yèn kowé ora nyetujoni
pendamelé. Saiki kowé dhéwé sing kudu
netepaké, dudu aku, kepriyé panemumu.
[34] Saben wong wicaksana bakal
mbeneraké; wong wasis sing krungu
tembungku bakal muni,
[35] yèn Ayub caturané ngawur, tanpa
teges.
[36] Yèn tembungé Ayub ditliti temenan,
bakal ketitik yèn caturané kaya wong
ala.
[37] Kaluputané isih diwuwuhi dosa
siji menèh; yakuwi enggoné nglawan
marang Allah, lan ngunèk-unèkaké Allah
ana ing ngarep kita.

35 [1] Ayub, kowé klèru yèn ngira
awakmu resik ana ing ngarsané
Allah.

2 (35:1)
3 Kowé kesasar yèn takon, ‘Yèn aku
nglakoni sing bener, paédahé apa
kanggoné Allah lan yèn aku nglakoni
dosa, Gusti Allah ruginé apa?’
4 Aku sing arep mangsuli pitakonmu lan
pitakoné kanca-kanca iki.
5 Ndelenga langit lan tamatna sepira
dhuwuré méga-mégané.
6 Yèn kowé gawé dosa, Gusti Allah ora
rugi; yèn kaluputanmu akèh, uga ora
ndayani apa-apa marang Panjenengané.
7 Srana nglakoni kabecikan, kowé ora
mbiyantu apa-apa marang Allah. Kuwi
temenan, Panjenengané ora ngersakaké
apa-apa saka kowé.
8 Sing nyangga wohé dosa-dosamu
kuwi wong-wong pepadhamu. Iya
wong-wong kuwi sing ngrasakaké
kepénaké kabecikanmu.
9 Wong-wong sing ditindhes padha
ngadhuh-adhuh; padha bengok-bengok
njaluk pitulungan.
10 Sesambaté mau ora marang Allah,
kang nitahaké dhèwèké, sing paring
panglipur ing mangsa kesusahan.

11 Manungsa diparingi akal-budi déning Allah, ngungkuli manuk lan kéwan ing bumi.
12 Wong sing tinindhes padha sesambat, nanging Allah mèndel waé, merga wong-wong mau ala lan angkuh banget.
13 Tanpa guna enggoné padha bengok-bengok sarosané, sing Mahakwasa ora mirsani utawa miyarsakaké.
14 Ayub, luwih menèh yèn kowé kandha, ora weruh Panjenengané, mangka prekaramu wis kokaturaké, sarta saiki ngentèn-entèni wangsulané.
15 Apa rumangsamu Gusti Allah ora paring paukuman lan ora menggalih marang kaluputan?
16 Tanpa guna nerus-nerusaké kandhamu, wis cetha, yèn kowé kuwi ora ngerti apa sing kokcritakaké.

36 1 Sabarna dhisik, rungokna sedhéla, isih ana sing arep dakkandhakaké atas asmané Allah.
2 (36:1)
3 Kawruhku jembar, kuwi sing arep dakenggo mbuktèkaké yèn Allah kang nitahaké aku.
4 Tembungku ora ana sing goroh; sing ana ing ngarepmu iki wong wicaksana.

5 Gusti Allah kuwi gagah prakosa!
Samubarang digatosaké. Ora ana wong
sing dianggep asor.
6 Wong ala ora dililani urip suwé, wong
sengsara diparingi kaadilan.
7 Wong mursid diayomi, didadèkaké
gedhé kawibawané kaya raja-raja,
temah diurmati selawas-lawasé.
8 Nanging wong sing diranté nganggo
ranté wesi, merga penggawéné dhéwé
9 dosa lan piangkuhé bakal diuculi
déning Allah.
10 Padha didhawuhi ngrungokaké
marang pitedahé, lan mratobat saka
dosa-dosané.
11 Yèn padha nurut marang Allah lan
ngabekti marang Panjenengané, uripé
bakal tentrem ayem, tekan ajalé.
12 Nanging yèn padha emoh
ngrungokaké, bakal padha mati
merga saka bodhoné.
13 Wong sing uripé tanpa Allah kuwi
nandho paukumané; senajan diukum
déning Pangéran, ora bakal nyuwun
pitulungan.
14 Mulané padha mati nom, merga
kesayahen, uripé kebak kanisthan.

15 Allah ngganjar kasangsaran
marang manungsa, karubedan, supaya
manungsa padha éling.
16 Kowé wis diluwari déning Allah saka
kasusahan; kowé wis tau ngrasakaké
katentreman, méjamu kebak panganan.
17 Nanging saiki, cocog karo pialamu,
kowé nampa paukuman.
18 Sing ngati-ati, aja nganti kalah karo
besel; aja kesasar merga kasugihan.
19 Tanpa gawé enggonmu bengok-
bengok njaluk tulung, ora ana gunané
tenaga lan kekuwatanmu.
20 Aja ngarep-arep tekané wayah bengi,
wektuné bangsa-bangsa disirnakaké
kanthi tapis.
21 Sing prayitna, aja ngrancang
nindakaké piala. Maksudé kowé diparingi
kasangsaran kuwi supaya ngedohi
tumindak ala.
22 Élinga yèn Gusti Allah kuwi gedhé
pangwasané. Apa ana guru sing kaya
Panjenengané.
23 Sapa sing bisa ngaturi naséhat bab
apa sing kudu ditindakaké? Lan sapa
sing wani ngarani yèn tumindaké salah?

24 Panjenengané tansah dialembana
merga pendamelé; lan samesthiné kowé
ngélingi kaluhurané.
25 Wong kabèh ndeleng marang
pakaryané; sing wis katon saka
kadohan; nanging ora ana wong siji waé
sing ngerti temenan.
26 Allah luhur kawontenané, ora kena
digayuh déning kawruh kita.
27 Allah ngangkat banyu saka bumi
menyang awang-awang lan diwalik dadi
udan.
28 Panjenengané ngesokaké udan saka
méga; disiramaké marang manungsa.
29 Wong ora ngerti lakuné méga; sarta
uniné gludhug ing awang-awang, dalemé
Allah.
30 Langit dipadhangi nganggo kilat,
nanging dhasaré segara tetep peteng
lelimengan.
31 Mengkono caranė Panjenenganė
ngurip bangsa-bangsa lan paring pangan
nganti turah-turah.
32 Kilat ditahan ngagem astané,
didhawuhi nyamber endi sing dituju.
33 Swarané gludhug tandha bakal
tekané prahara, senajan sapi ngerti
bakal tekané prahara mau.

37

1 Prahara kuwi gawé geteré
atiku lan marakaké jantungku
dheg-dhegan.
2 Hé wong kabèh, rungokna swarané
Allah, rungokna gludhug sing metu saka
tutuké.
3 Kilat disebar ing akasa, bledhèg diutus
menyang pojok-pojoké bumi.
4 Banjur kairing déning swara gemleger,
yakuwi swarané bledhèg lan gludhug.
Ing satengahé swara sing gemleger
mau, thathit lan kilat samber-samberan.
5 Merga saka dhawuhé Allah, klakon
ana mujijat, lan prekara-prekara élok,
sing ora kita pahami.
6 Iya saka dhawuhé, salju tiba ing bumi;
lan udan deres tiba saka kersané.
7 Manungsa padha lèrèn nyambut-gawé,
supaya ngerti yèn Panjenengané lagi
makarya.
8 Kéwan galak padha mlebu ing rong
lan guwa-guwa, lan ora metu saka
panggonané.
9 Angin lésus teka saka Kidul, lan hawa
adhem teka saka Lor.
10 Napasé Allah njalari salumahé banyu
dadi kenthel, diwalik dadi ès sing atos.

11 Méga dimomoti banyu, méga kanggo
srana mancaraké kilat.
12 Sumebar ngebaki jagad, atas
dhawuhé Allah, rata tekan endi-endi.
13 Allah paring udan kanggo nelesi
bumi; lan iya kanggo ngukum
manungsa, kanggo nedahaké sepira
gedhéné, sihé sing ora owah-gingsir ing
selawas-lawasé.
14 Menenga dhisik Ayub, lan
ngrungokna; rasak-rasakna kaélokan-
kaélokané Allah.
15 Apa kowé ngerti caranė Gusti Allah
paring dhawuh-dhawuh, mula kilat
cumlèrèt saka mendhung lan méga.
16 Apa kowé ngerti caranė méga kéntir
ing angin, apa kuwi ora nélakaké
kawelasané Allah kang élok?
17 Ora, merga bisamu mung sesambat
kepanasen, samangsa bumi katempuh
déning angin saka Kidul.
18 Apa kowé bisa kaya Allah, njèrèng
cakrawala, digawé atos kaya wesi cor
utawa kaca?
19 Aku kandhanana apa sing kudu
dakaturaké marang Allah; aku ora bisa
awèh ketrangan, pikiranku lagi kethul.

[20] Aku ora arep matur apa-apa marang
Allah. Yèn ora kebeneran mundhak aku
keluputan lan tampa paukuman.
[21] Saiki langité lagi padhang nganti
mblerengi mripat; jalaran mendhungé
katerak déning angin.
[22] Ing sisih Lor katon sinar kuning
emas, lan kaluhuurané Allah gawé girising
ati.
[23] Allah kita mula Mahakwasa; nganti
kita ora tahan marek ing ngarsané.
Panjenenganè selawasé bener lan adil
pangrèhé; ora tau nindhes marang
manungsa.
[24] Mulané wis sapantesé Panjenenganè
diurmati déning sapa waé; wong
sing ngaku pinter ora digapé déning
Panjenenganè."

38 [1] Sawisé mengkono Gusti Allah
banjur ngandika marang Ayub
saka ing tengahé prahara, mengkéné,
[2] "Kowé kuwi sapa, déné wani-wani
ngukur kawicaksanan-Ku nganggo
tembung-tembungmu sing tanpa dipikir?
[3] Saiki, adhepana Aku kaya wong
lanang, lan wangsulana pitakon-pitakon-
Ku iki.

4 Nalika Aku nitahaké bumi, apa kowé
wis ana? Yèn nyata jembar kawruhmu,
kandhaa.
5 Sapa sing netepaké gedhé-ciliké
jagad? Sapa sing ngukur jembaré? Apa
kowé ngerti wangsulané?
6 Cagak-cagaké bumi kuwi kepriyé
bisané ngadeg kanthi sentosa? Sapa
sing masang watu pondhasiné jagad,
7 yakuwi nalika lintang-lintang
ing wayah pajar padha menyanyi
bebarengan, lan para titah ing swarga
padha giyak-giyak kanthi bungah.
8 Sapa sing nutup lawanging samodra,
nalika banyuné mubal-mubal metu saka
ing kandhutané bumi?
9 Apa dudu Aku sing ngemuli langit
nganggo méga lan mbuntel nganggo
pepeteng?
10 Apa dudu Aku sing netepaké wates-
watesé segara nganggo bendungan,
lawang lan slorogan?
11 Dhawuh-Ku, ‘Iki watesmu, aja
ngliwati wates iki! Ana ing kéné
ombakmu sing gedhé-gedhé kudu
mandheg.’

12 Hé Ayub, apa kowé tau akon wayah
ésuk supaya teka? Lan apa kowé bisa
nekakaké wayah awan?
13 Apa kowé tau akon pepadhang
supaya madhangi bumi lan ngetokaké
wong durjana saka pandhelikané?
14 Padhangé raina njalari gunung lan
tanah ngaré katon cetha, kaya cap ana
ing lempung lan lempitan sing ana ing
jubah.
15 Wong ala sengit marang pepadhang,
awit pepadhang mau nyandhet tangané
sing arep nindakaké piala.
16 Apa kowé tau medhun tekan tuking
segara, sing ana ing dhasaré? Apa
kowé wis tau mlaku-mlaku ing dhasaré
segara?
17 Apa kowé tau dituduhi wong, gapura
sing ana ing ngarepé jagadé wong mati,
sing peteng lelimengan?
18 Apa kowé bisa ngira-ira jembaring
jagad? Wangsulana yèn kowé ngerti.
19 Apa kowé ngerti saka endi tekané
padhang, lan apa satemené sumbering
pepadhang mau?
20 Apa kowé ngerti watesé padhang lan
peteng, lan akon mbalik menèh sawisé
teka?

21 Mesthiné kowé bisa, merga kowé
wis tuwa lan nalika jagad dititahaké apa
kowé wis ana!
22 Apa kowé tau weruh panggonan-Ku
nyimpen salju lan udan watu.
23 Sing Daksimpen kanggo mangsa
kasangsaran, wektu perang lan ing
mangsa pertempuran.
24 Apa kowé ngerti panggonané
srengéngé? Utawa saka ngendi asalé
angin Wétan?
25 Sapa ngedhuk kalèn sing kanggo
liwat udan deres, lan sing awèh dalan
marang gludhug lan kilat?
26 Sapa sing nurunaké udan ing ara-ara
samun, lan tanah suwung, sing ora
dienggoni manungsa?
27 Sapa sing nyirami bumi sing garing
mekingking, nganti suketé bisa thukul
menèh?
28 Apa udan duwé bapak? Lan bun,
anaké sapa?
29 Ès apa duwé biyung? Bun njendhel,
sapa wong tuwané?
30 Sapa sing gawé banyu dadi ès, lan
lumahing segara dadi atos?

31 Apa kowé bisa mbundheli taliné
lintang Wuluh? Utawa nguculi taliné
lintang Luku?
32 Apa kowé bisa nuntun lakuné
lintang-lintang miturut mangsa lan
lintang Naas Kubra, saanak-anaké apa
kowé bisa netepaké lakuné?
33 Apa kowé ngerti hukum sing ngatur
langit? Lan apa hukum kuwi kena
koktrapaké ana ing bumi?
34 Apa kowé bisa ngundang méga
kokkon medhun dadi udan, nyirami
bumi?
35 Lan yèn kowé akon bledhèg-bledhèg
sing padha sesamberan, apa iya padha
bakal teka lan muni, 'Kula, ndara?'
36 Sapa sing ngandhani manuk Ibis yèn
Bengawan Nil bakal banjir? Sapa sing
ngandhani jago yèn bakal ana udan?
37 Sapa sing saka pinteré bisa ngétung
cacahé méga, lan malik méga dadi udan?
38 Udan sing njalari bledug dadi
lempung lan lemah dadi pliket?
39 Apa kowé bisa nggolèkaké pangan
kanggo singa-singa, lan gawé waregé
anak-anaké,

40 yèn lagi padha ndelik ana ing
guwa-guwa utawa njerum ana ing
rongé?
41 Sapa sing ngréwangi manuk
gagak sing keluwèn lan sliweran
mrana-mréné golèk pangan? Sapa
sing awèh pitulungan yèn anak-anaké
padha celuk-celuk marang Aku nyuwun
pangan?

39 1 Apa kowé ngerti kapan lairé
wedhus alasan, lan kapan
menjangan enggoné manak?
2 Apa kowé ngerti pira lawasé enggoné
meteng, lan kapan enggoné bakal
manak, apa kowé ngerti?
3 Apa kowé ngerti enggoné nglarani,
banjur nglairaké?
4 Anak-anaké mau enggoné padha dadi
gedhé lan rosa ing ara-ara samun; nuli
padha lunga ora bali menyang biyungé.
5 Sapa sing ngeculaké kuldi alasan ana
ing alas? Sapa sing nguculi taliné lan
ngumbar kuldi-kuldi mau?
6 Kuldi-kuldi Daksedhiyani ara-ara
samun dadi omahé lan ara-ara uyah dadi
panggonané.

7 Padha ngedohi kutha-kutha sing ramé,
ora ana wong sing bisa gawé tutut lan
ngepèk gawéné.
8 Suket ing pegunungan dadi panganè,
lan thethukulan ijo sing ana ing kana.
9 Sapi alasan apa bisa kokpèk gawéné?
Apa gelem kokkongkon manggon ing
kandhangmu?
10 Apa bisa koktalèni lan kokpeksa
kokgawé mluku? Apa bisa kokkon nggaru
palemahanmu?
11 Apa tenagané sing rosa kuwi
kena koktanjakaké, lan kokpasrahi
kuwajibanmu sing abot?
12 Apa bisa kokpasrahi nglumpukaké
asilé panènanmu, kokkon nggawa
menyang penutonmu?[p]
13 Manuk unta ibut enggoné ngegaraké
swiwi lan elaré! Nanging maburé kalah
karo manuk bango.
14 Manuk unta ngendhog ing lemah,
banjur ditinggal; endhogé ditutupi pasir
kanggo manasi.
15 Manuk mau ora mikir yèn endhog
mau bisa kepidak déning wong utawa
kéwan alasan.

---

[p] penuton: papan kanggé nutu.

16 Carané kaya-kaya endhog mau
dudu duwèké; dhèwèké ora preduli yèn
kangèlané ora ana pituwasé.
17 Merga saka pangrèhé Allah manuk
mau enggoné bodho, ora duwé
kawicaksanan lan akal-budi.
18 Nanging yèn manuk mau mlayu rikat,
jaran lan sing nunggang kalah rikaté.
19 Hé Ayub, apa kowé sing awèh
kekuwatan marang jaran, lan suri sing
rémbyak-rémbyak ing guluné?
20 Apa kowé sing akon mlumpat kaya
walang, lan nggaber-nggaber medèni
wong?
21 Sikilé nggaruk-nggaruk lemah lebak
sarosané, lan nyerbu ngetog tenaga
kaya-kaya nantang gegaman.
22 Dhèwèké ora tau wedi lan geter;
pedhang ora njalari munduré.
23 Sing nenunggang, gamané
kumrincing lan gumebyar.
24 Jaran mau playuné kaya angin,
krungu swarané slomprèt banjur
nggeblas ora kena dipenggak.
25 Saben krungu slomprèt banjur
mbekèr, lan saka kadohan wis ngambu
gandané peprangan; gertak lan aba-aba,
sing diucapaké déning para perwira.

26 Apa kowé sing mulang manuk wulung
mabur yèn ngléyang mengidul karo
nggelar swiwiné?
27 Apa manuk garudha iya nglakoni
préntahmu yèn dhèwèké gawé susuh ing
pucuké gunung sing dhuwur?
28 Ing pucuké gunung watu mau olèhé
gawé susuh, parang-parang lancip
minangka bètèngé.
29 Saka panggonan kono matané
ngawasaké papan sing adoh, madik-
madik golèk mangsan.
30 Manuk garudha padha ngrompol
ngubengi mangsané, getihé mangsané
diombé déning garudha sing isih nom.

40 1 Hé Ayub, kowé nantang
marang Allah Kang Mahakwasa;
apa karepmu arep ngalah apa arep
mbantah?" Ayub:
2 (40:1)
3 "Wicanten kawula menika kados
tiyang bodho, Gusti. Kawula badhé
ngunjukaken wangsulan menapa?
Mboten wonten prekawis ingkang prelu
kawula aturaken.
4 (40:3)
5 Sampun langkung déning kathah
prekawis ingkang kawula aturaken."

6 Saka ing tengahing prahara Gusti
Allah ngandika marang Ayub, Gusti
Allah:
7 "Ayub, ngétokna enggonmu dadi wong
lanang, lan wangsulana pitakon-Ku iki.
8 Apa kowé arep mbatalaké kaadilan-
Ku, lan mbeneraké awakmu dhéwé srana
ngluputaké Aku?
9 Apa rosamu kaya Aku? Apa swaramu
bisa gumleger kaya swara-Ku?
10 Dandana nganggo kamulyan lan
pangwasa, nyandhanga prabawa lan
kaluhuran.
11 Nitènana wong sing umuk-umukan;
nganggo nepsumu wong-wong kuwi
asorna.
12 Wong-wong sing gemunggung, padha
telungna! Wong ala remuken ana ing
panggonané.
13 Pendhemen ana ing njero lebu;
bandanen ana ing donyané wong mati.
14 Lan Aku sing bakal dhisik dhéwé
ngakoni, yèn kowé wis unggul srana
kekuwatanmu dhéwé.
15 Titènana Behemot,[q] jaran Nil sing
rosa kuwi, ora béda karo kowé, kuwi iya

[q]Behemot: Babi lèpèn.

Aku sing nitahaké. Pakané suket, ora
béda karo sapi lan raja-kaya lumrah.
16 Nanging titènana rosaning awaké,
lan delengen kekuwatananing otot-ototé.
17 Buntuté didegaké kaya wit èrès,
otot-ototing pupuné kukuh lan atos.
18 Balung-balungé kekuwatané kaya
tembaga, sikilé pengkuh kaya cagak
wesi.
19 Ing antarané para tumitah kéwan
kuwi sing karosané ngédab-édabi dhéwé,
sing bisa nelukaké mung Gusti Allah
piyambak.
20 Ing pegunungan panggonané kéwan-
kéwan alasan, ing kono ana suket sing
dadi pangané.
21 Padha njerum ing sangisoring
grumbulan eri, padha kaling-kalingan
glagah-glagah ing rawa-rawa.
22 Kaayoman déning grumbulan eri, lan
wit gandarosa ing sapinggiring kali.
23 Senajan Kali Yardèn banter iliné,
ayem waé, senajan ana banjir bandhang
teka ngapyuk rainé.
24 Sapa sing wani nutup matané, lan
nyekel srana nalèni cangkemé?

41 [1] Apa kowé bisa nyekel Léwiatan,
mung nganggo pancing iwak? Apa
ilaté kena koktalèni nganggo tali lumrah?
[2] Apa irungé kena kokpasangi keluh
utawa wangé koking kémahé nganggo
pancing wesi?
[3] Apa bisa kéwan mau njaluk kokluwari?
Utawa rembugan karo kowé njaluk
kokwelasi?
[4] Apa bisa gawé prejanjian karo kowé,
lan janji dadi baturmu?
[5] Apa kéwan mau kena koktalèni kaya
manuk ingon-ingon, kanggo dolanan
bocah-bocahmu wadon?
[6] Apa kena digawé barang dagangan
déning para nelayan, lan diedum-edum
ing antarané para wong adol iwak?
[7] Apa kulité kena kokcoblos nganggo
tumbak sing pucuké telu, utawa endhasé
koktumbak nganti tembus?
[8] Yèn kowé nggepok sepisan waé, kowé
bakal ora mindhoni menèh.
[9] Saben wong sing weruh Léwiatan,
bakal dadi lemes, banjur semaput.
[10] Yèn dibribèni enggoné turu bakal
ngamuk; ora ana wong sing wani
ngadhepi.

11 Sapa sing wani nyerang mesthi bakal
ditatoni. Sajagad ora ana wong sing wani
karo kéwan mau.
12 Dakcritani bab sikilé Léwiatan, bab
kekuwatané lan gagahé.
13 Ora ana wong sing bisa nisihaké
keréné utawa nyoblos sandhangané
perang.
14 Sapa ing bisa mbukak cangkemé
sing rosa kuwi, sing kebak untu pating
crangah?
15 Gegeré presasat tamèng ditumpuk-
tumpuk nèmplèk rapet, atos kaya
watu.
16 Tumpang-tindhih, ditalèni kenceng
nganti angin waé ora bisa mlebu.
17 Tamèng mau digathuk-gathukaké
kanthi sentosa, nganti mokal bisané
udhar.
18 Yèn Léwiatan wahing, nyemprotaké
sinar kaya pletiking geni, matané
mencorong kaya plethèking srengéngé.
19 Cangkemé nyemburaké geni ilat-
ilatan; kaya kembang api sing muncrat
nyang endi-endi.
20 Irungé ngetokaké kukus kumelun,
kaya kumeluné suket sing diobong ing
pawon.

21 Ambekané panas, nganti areng
mempan lan mengangah; cangkemé
metokaké geni kaya obor.
22 Githoké saking rosané, nganti kabèh
padha wedi ngadhepi.
23 Ora ana pérangané kulité sing
ringkih; kabèh atos kaya waja, nganti
ora bisa pecah.
24 Atiné teguhé kaya watu, mulané ora
tau mangu-mangu, kukuh lan atos kaya
watu penggilingan.
25 Yèn dhèwèké ngadeg, sapa waé,
senajan sing rosa dhéwé padha pepes
atiné, lan ora bisa apa-apa merga saka
wediné.
26 Kéwan mau ora tedhas dipedhang;
tumbak, panah lan trisula, ora bakal
natoni awaké.
27 Wesi mung dianggep suket, lan
tembaga presasat kayu gapuk.
28 Panah ora kuwagang nyingkiraké, lan
watu sing dibalangaké mung dianggep
damèn.
29 Gada mung dianggep suket garing;
wong sing numbak mung digeguyu.
30 Sisiké wetengé lincip-lincip presasat
beling, lendhut dikebur lan diciprat-
cipratakė.

31 Segara dikocok nganti banyuné
presasat umob, kaya kwali sing kanggo
nggodhog lenga yèn lagi umob.
32 Tapaké sikilé sumorot, segara digawé
ciblon nganti kebak umpluk putih.
33 Titah sajagad ora ana sing nandhingi;
makluk sing ora duwé wedi kuwi.
34 Kéwan sing luhur dhéwé dianggep
asor; ing antarané kéwan sing galak
dhéwé, dhèwèké kuwi rajané."
42 1 Ayub: Atur wangsulané Ayub
marang Allah, "Gusti, kawula
ngertos, bilih rancangan Paduka mesthi
kelampahan, awit Paduka kwaos
nindakaken samukawis.
2 (42:1)
3 Paduka ndangu kénging menapa
kawula kumawantun, maiben dhateng
kawicaksanan Paduka, mangka
kawula piyambak mboten mangertos
menapa-menapa. Sejatosipun kawula
nyriyosaken prekawis-prekawis ingkang
mboten kawula ngertosi, inggih
prekawis-prekawis ingkang anèh
kanggénipun kawula.
4 Kawula Paduka dhawuhi mirengaken
pangandika Paduka, sarta ngaturaken
wangsulan menawi Paduka dangu.

5 Rumiyin kawula tepang kaliyan
Paduka saking criyosipun tiyang,
nanging samenika kawula tepang mergi
aben-ajeng kaliyan Paduka piyambak.
6 Pramila samenika kawula isin menawi
kèngetan dhateng tembung kawula, lan
klawan getun kawula samenika nglésod
wonten ing lebu lan awu."
7 Sawisé ngandika marang Ayub, Gusti
Allah banjur ngandika marang Élifas,
"Aku duka marang kowé lan kancamu
loro, merga kowé ora ngandhakaké
sing sabeneré ing ngatasé Aku. Ora
mengkono mungguh Ayub.
8 Mulané saiki njupuka sapi lanang
pitu lan wedhus gèmbèl pitu, lan
maranana Ayub. Kéwan-kéwan kuwi
kabèh gawénen kurban obongan
kanggo keslametanmu. Ayub bakal
ndedonga kanggo kowé lan pandongané
bakal Dakjurungi. Kowé bakal ora
Dakgawé wirang, senajan kowé
pantes olèh paukuman. Kowé padha
ora ngandhakaké sing sabeneré ing
ngatasé Aku, mangka Ayub kandha sing
sanyatané."
9 Élifas, Bildad lan Zofar nindakaké apa
sing kadhawuhaké déning Pangéran, lan

Pangéran njurungi marang panyuwuné
Ayub.
10 Sawisé Ayub ndongakaké para
mitrané telu-teluné, Pangéran banjur
mangsulaké Ayub dadi sugih menèh,
malah diparingi tikel loroné kasugihané
sing biyèn.
11 Kakang-kakangé lan sedulur-
seduluré wadon, sarta tepungané lawas,
kabèh padha tilik Ayub, banjur padha
nganakaké pésta bebarengan ing omahé.
Kabèh padha nélakaké béla-sungkawa
ing ngatasé kasusahan sing diparingaké
déning Allah, sarta padha nglipur Ayub.
Saben wong sing teka awèh sumbangan
rupa dhuwit lan ali-ali emas.
12 Ayub kaberkahan lubèr-lubèr déning
Pangéran, ngungkuli biyèn sadurungé
ketaman kasangsaran. Ayub duwé
wedhus gèmbèl patbelas èwu, unta nem
èwu, sapi rong èwu, lan kuldi sèwu.
13 Uga kaparingan anak lanang pitu lan
anak wadon telu.
14 Anaké wadon sing kapisan
dijenengaké Yémima, sing kapindho
Kézia lan sing ragil Kèrèn-Hapukh.
15 Sanegara kono ora ana bocah wadon
sing ayuné kaya anaké Ayub telu mau.

Telu-teluné olèh warisan saka bapakné,
padha karo warisan sing ditampa déning
sedulur-seduluré lanang.
16 Sapungkuré lelakon sing kasebut ing
ndhuwur mau Ayub kaganjar umur 140
taun menèh, nganti menangi putu-putu
lan buyut-buyuté.
17 Wekasané Ayub tinggal-donya bareng
umuré wis akèh banget.

Mazmur

1 1 Begja wong sing lakuné ora kaya
sing dipéngini déning wong ala, lan
ora niru lakuné wong dosa sarta ora
sesrawungan karo wong sing dhemen
memoyok,
2 nanging sing seneng nglakoni angger-
anggeré Gusti Allah lan dirasak-rasakaké
rina wengi.
3 Wong mau kaya wit, sing ditandur
ana ing pinggir kali, sing tansah awoh
manut mangsané, lan godhongé ora tau
gogrog; apa waé sing ditandangi mesthi
olèh gawé.
4 Nanging wong ala lelakoné ora kaya
mengkono; kaya mrambut sing kabur
ing angin.
5 Mulané wong ala bakal diukum déning
Allah, mengkono uga wong sing nerak
dhawuh-dhawuhé Pangéran, ora gelem
sesrawungan karo wong mursid.
6 Lakuné wong mursid dituntun lan
diayomi déning Allah, nanging lakuné
wong ala anjog ing karusakan.

2 1 Yagéné bangsa-bangsa padha
mbrontak, lan padha ngangen-angen
prekara-prekara sing tanpa guna?
2 Para raja padha siaga lan para
penggedhé padha sarujuk nglawan
marang Gusti Allah lan Sang Prabu sing
ditetepaké déning Allah.
3 Tembungé, "Ayo padha medhot
ranté-ranténé lan mbuwang tali sing
dienggo mbanda kita!"
4 Panjenengané kang pinarak ing
swarga gumujeng; sarta moyoki marang
wong-wong mau.
5 Pangandikané karo duka, nganti
padha giris merga paukumané,
6 "Aku dhéwé kang wis njumenengaké
Raja, kang katetepaké ana ing Sion, ing
gunung-Ku kang suci!"
7 Aku daknyritakaké keputusané Allah;
Pangandikané marang aku, "Kowé iku
putra-Ku! Ing dina iki Aku iki Bapakmu.
8 Nyuwuna marang Aku, temah bangsa-
bangsa mau bakal Dakparingaké dadi
duwèkmu, lan salumahing bumi dadi
darbèkmu.
9 Padha remuken nganggo teken wesi,
ejuren kaya grabah."

[10] Mulané, hé para raja, padha
tumindaka kalawan wicaksana. Hé
para hakim ing bumi, padha gelema
diélingaké!
[11] Padha ngabektia marang Allah
kalawan ajrih asih, lan padha sujuda ing
ngarsané kalawan gemeter,
[12] supaya Panjenengané ora duka,
lan kowé ditumpes sanalika, sebab
paukumané énggal ngambra-ambra.
Begja sakèhé wong sing ngungsi marang
Panjenengané!

3 [1] Masmur anggitané Dawud nalika
mlajeng nyingkiri Absalom, putrané.
(3-2) Dhuh Allah, iba kathahipun
mengsah kawula! Kathah tiyang ingkang
nglawan dhateng kawula.
[2] (3-3) Kathah ingkang mungel dhateng
kawula mekaten, "Wong kuwi bakal ora
ditulungi déning Allah."
[3] (3-4) Nanging, dhuh Allah, Paduka
menika tamèng ingkang milujengaken
kawula. Paduka menika ingkang paring
kamenangan dhateng kawula, lan
ingkang ngangkat sirah kawula.
[4] (3-5) Kalawan swara sora aku
sesambat marang Allah, lan

Panjenengané paring wangsulan
saka gunungé kang suci.
5 (3-6) Aku lèyèh-lèyèh banjur turu;
sewengi muput aku direksa déning
astané Allah!
6 (3-7) Aku ora wedi senajan dikepung
déning mungsuh, sing balané éwon.
7 (3-8) Dhuh Allah, mugi kersa
jumeneng; kawula mugi Paduka tulungi!
Paduka sampun ngawonaken mengsah
kawula sedaya, ngantos sami mboten
misakit dhateng kawula.
8 (3-9) Pitulungan menika dhatengipun
saking Allah. Mugi umat Paduka
kaparingan berkah!

4 1 Masmur anggitané Dawud kanggo
pemimpin penyanyi, dibarengi uniné
kecapi. (4-2) Dhuh Allah ingkang mbélani
prekawis kawula. Mugi miyarsakaken
pesambat kawula. Ing salebeting
manah kawula ngraosaken rupek.
Paduka mugi kersa paring kalonggaran,
miyarsakaken pandonga kawula, sarta
paring pitulungan.
2 (4-3) Hé wong-wong sing ngala-ala
marang aku; pira lawasé enggonmu
padha seneng nindakaké prekara sing
tanpa guna lan ora nyata kuwi?

3 (4-4) Padha sumurupa yèn Allah wis
milih wong mursid dadi kagungané;
Panjenengané mesthi midhangetaké
samasa aku sesambat marang
Panjenengané.
4 (4-5) Padha gemetera lan maria gawé
dosa; kuwi rasakna temenan samasa
kowé ana ing peturon.
5 (4-6) Nyaosna kurban marang Allah
samurwaté lan kumandela marang
Panjenengané.
6 (4-7) Kathah tiyang ingkang sami
nyenyuwun, "Kawula mugi Paduka
paringi wewahing kabegjan." Dhuh Allah,
mugi kersa maringi dhateng kawula
kalayan renaning penggalih.
7 (4-8) Paduka sampun paring
kabingahan dhateng kawula, ngungkuli
kabingahanipun tiyang samasa angsal
gandum lan anggur kathah.
8 (4-9) Kawula badhé lèyèh-lèyèh
lajeng ketileman, margi Paduka
piyambak ingkang paring pengayoman,
mila kawula sami ngalami katentreman.

5 1 Masmur anggitané Dawud kanggo
pemimpin penyanyi, dibarengi
swaraning suling. (5-2) Dhuh Allah, mugi

kersa miyarsakaken atur kawula, mugi
Paduka gatosaken pesambat kawula.
2 (5-3) Dhuh Ratu kawula lan Allah
kawula, panjerit kawula nyuwun tulung
mugi Paduka èngeti, margi namung
Paduka piyambak ingkang kawula
sambati.
3 (5-4) Dhuh Allah, ing wanci énjing
Paduka miyarsakaken swanten kawula,
ing wancinipun kurban kawula saosaken,
kawula ngantos-antos dhawuh Paduka.
4 (5-5) Sebab Paduka sanès Allah
ingkang rena dhateng pendamel awon,
tiyang awon mboten badhé Paduka
parengaken sowan ing ngarsa Paduka.
5 (5-6) Paduka nampik dhateng tiyang
angkuh; tiyang ingkang sami nglampahi
piawon Paduka sengiti.
6 (5-7) Tiyang ingkang damelipun
goroh mesthi Paduka tumpes; Paduka
mboten rena dhateng tiyang ingkang
ngrodha-peksa lan tiyang ingkang
ngapusi.
7 (5-8) Nanging tumrap kawula, margi
saking agenging sih-kasetyan Paduka,
kawula badhé mlebet ing Pedaleman
Paduka, sujud sungkem ing Pasucèn

Paduka, ngabekti kalayan hurmat
dhateng Paduka.
8 (5-9) Dhuh Allah, satru kawula kathah
sanget! Mugi Paduka kersa nuntun
kawula nindakaken kersa Paduka;
supados cetha menapa ingkang kedah
kawula lampahi.
9 (5-10) Tembungipun satru kawula
mboten saged dipun pitados, awit
ingkang dipun angen-angen namung
damel risak; gurungipun[a] presasat kubur
menga, ilatipun ngucapaken tembung
lamis.
10 (5-11) Dhuh Allah, tiyang kados
mekaten mugi kadhawahana paukuman,
kecemplunga luwangan, margi saking
rancanganipun piyambak. Mugi Paduka
tundhung saking ngarsa Paduka, margi
saking kathahing panerakipun, sarta
panglawanipun dhateng Paduka.
11 (5-12) Nanging sedaya tiyang
ingkang ngungsi dhateng Paduka
badhé sami bingah-bingah, badhé sami
surak-surak ing selaminipun, margi
sami Paduka ayomi; lan krana Paduka
tiyang-tiyang ingkang tresna dhateng
Paduka, sami badhé bingah-bingah.

---

[a]gurung: tenggorokan (bhs. Ind.).

12 (5-13) Dhuh Allah, tiyang mursid
Paduka berkahi, sami Paduka
pageri mawi kanugrahan minangka
tamèngipun.

6 1 Masmur anggitané Dawud kanggo
pemimpin nyanyian, diiringi kecapi.
Laguné kaya laguné kidung kang kawolu.
(6-2) Dhuh Allah, mugi sampun ngantos
maringi paukuman dhateng kawula
karana duka, lan kawula mugi sampun
ngantos Paduka ajar margi saking
bentèring penggalih Paduka.
2 (6-3) Dhuh Allah, mugi kersa melasi
dhateng kawula, awit kawula ngantos
mboten gadhah daya. Mugi kersa paring
kekiyatan, dhuh Allah, sebab balung
kawula sami gemeter.
3 (6-4) Dhuh Allah, taksih pinten
dangunipun enggèn Paduka rawuh;
nyawa kawula giris sanget.
4 (6-5) Dhuh Allah, mugi wangsul
ngentas nyawa kawula, kawula
mugi Paduka pitulungi margi saking
sih-kamirahan Paduka.
5 (6-6) Sebab tiyang ingkang sampun
pejah mboten badhé ngémuti dhateng
Paduka. Sinten ingkang badhé memuji

dhateng Paduka wonten ing alamipun
tiyang pejah?
6 (6-7) Badan kawula lesu margi déning
pangesah kawula; saben dalu patileman
kawula ngantos teles kebes, margi
déning luh ingkang nelesi bantal kawula.
7 (6-8) Kawula mèh mboten saged
ningali, mripat kawula dados lamur,
semanten enggèn kawula nangis, margi
saking pendamelipun para mengsah
kawula.
8 (6-9) Padha sumingkira saka aku, hé
sakèhé wong kang gawé piala, merga
Allah wis miyarsakaké tangisku.
9 (6-10) Allah wis njurungi pandongaku,
Allah wis nyembadani panyuwunku.
10 (6-11) Sakèhé satruku padha kisinan
lan padha wedi banget; nuli padha
mundur sakal, padha kwirangan kabèh.
7 1 Kidung pangadhuh anggitané
Dawud, dikidungaké merga Kusy,
wong Bènyamin. (7-2) Dhuh Pangéran,
Allah kawula, sowan kawula nyuwun
pengayoman; mugi kersa nguwalaken
kawula saking sedaya tiyang ingkang
sami ngoyak-oyak dhateng kawula, saha
mugi kersa paring pangluwaran.

2 (7-3) Sampun ngantos sami nubruk
kawula kados singa, lan nggondhol
kawula ngantos mboten wonten ingkang
saged nguwalaken.
3 (7-4) Dhuh Pangéran, Allah kawula,
saupami kawula nindakaken piawon,
menawi ta kawula males awon dhateng
mitra,
4 (7-5) utawi kawula nandukaken
piawon dhateng tiyang ingkang nglawan
dhateng kawula tanpa sebab, saupami
èstu mekaten,
5 (7-6) mugi mengsah kawula sami
ngoyak-oyaka lan nyepeng kawula, sarta
kawula dipun idak-idaka ing siti, tuwin
dipun pejahana, temah badan kawula
dados lebu.
6 (7-7) Dhuh Allah, mugi kersa
jumeneng kalayan duka, sarta nglawan
dhateng pangigit-igitipun satru kawula.
Mugi kersa jumeneng paring pitulungan
dhateng kawula, margi Paduka sampun
mundhut wontena keadilan!
7 (7-8) Bangsa-bangsa mugi sami
kaklempakna ing ngarsa Paduka, lajeng
sami Paduka rèh saking ngaluhur.
8 (7-9) Gusti Allah ngadili para bangsa!
Mugi kersa ngadili kawula, dhuh Allah,

menapa kawula menika resik, menapa
manah kawula tumemen.
9 (7-10) Mugi-mugi piawonipun tiyang
duraka saged mantun. Tiyang ingkang
lampahipun temen mugi Paduka
santosasakaken. Dhuh Allah, Paduka
ingkang ndadar manah saha telenging
batosipun manungsa, Paduka Allah
ingkang adil.
10 (7-11) Allah kuwi tumraping aku
tamèng, kang ngreksa marang wong
sing atiné lugu.
11 (7-12) Gusti Allah kuwi Hakim
kang adil lan Allah kang ndhawuhaké
paukumané marang wong ala.
12 (7-13) Tumrap wong sing ora
mratobat, Allah bakal ngasah pedhangé,
sarta menthang gendhéwané, siaga
nglepas panahé.
13 (7-14) Gaman-gamané sing ampuh
dicawisaké kanggo wong duraka, panahé
disiapaké.
14 (7-15) Sejatiné wong kuwi seneng
ngangen-angen piala, ngrancang
karusakan, lan seneng goroh.
15 (7-16) Wong kuwi ndhudhuk
luwangan, digawé jero, nanging

kecemplung dhéwé ing luwangan sing
digawé mau.
16 (7-17) Piala sing ditindakaké mbalik
ngenani sirahé dhéwé, sarta penggawéné
ala nibani embun-embunané.
17 (7-18) Aku dakmemuji marang Allah
merga keadilané, sarta ngidungaké
masmur konjuk ing Asmané Kang
Mahaluhur.
8 1 Masmur anggitané Dawud, kanggo
pemimpin penyanyi, kaya laguné
Gitit. (8-2) Dhuh Allah, Gusti kawula, iba
mulyaning asma Paduka ing salumahing
bumi! Kamulyan Paduka ingkang
ngungkuli langit sami dipun luhuraken
srana kekidungan.
2 (8-3) Dalah bayi ingkang taksih nesep
sami tumut memuji. Paduka kagungan
pangwasa kanggé mbungkem para satru
Paduka, sarta nyegah tiyang ingkang
badhé males awon.
3 (8-4) Menawi kawula tumenga
ing langit, ningali pakaryaning asta
Paduka, nyawang dhateng rembulan lan
lintang-lintang ingkang Paduka tata.
4 (8-5) Menapa ta ajinipun manungsa,
déné Paduka èngeti? Manungsa kanggé
menapa, déné Paduka opèni?

5 (8-6) Piyambakipun Paduka dadosaken
kaot sekedhik ajinipun kaliyan Paduka,
sarta Paduka ganjar kadrajatan lan
kamulyan?
6 (8-7) Piyambakipun Paduka paringi
pangwasa mengku para titah Paduka;
sarta samukawis Paduka telukaken ing
sangandhaping tlapakanipun;
7 (8-8) inggih sakathahing ménda,
lembu dalah sato kéwan ing ara-ara,
8 (8-9) peksi ing awang-awang lan
ulam ing seganten, lan sedaya tumitah
ingkang wonten ing telenging samodra.
9 (8-10) Dhuh Allah, Gusti kawula, iba
mulyanipun asma Paduka wonten ing
salumahing bumi!

9 1 Masmur anggitané Dawud kanggo
pemimpin penyanyi. Kaya laguné
kidung: Patiné anak lanang. (9-2)
Kawula badhé saos sokur dhateng
Allah kalayan gumolonging manah;
kawula badhé nyariyosaken sawernining
kaélokan Paduka.
2 (9-3) Kawula badhé bingah-bingah
margi saking Paduka, tuwin ngidungaken
masmur kanggé ngluhuraken asma
Paduka, dhuh Allah Ingkang Mahaluhur.

3 (9-4) Sebab satru kawula sami
mundur, sami rebah lan sirna ing ngarsa
Paduka.
4 (9-5) Awit Paduka mbélani prekawis
kawula sarta paring kemenangan, kados
hakim ingkang adil, Paduka lenggah ing
dhampar.[b]
5 (9-6) Bangsa-bangsa sampun Paduka
dhawahi paukuman lan tiyang awon
sampun Paduka tumpes, namanipun
mboten badhé kocap malih, ing
selajengipun lan ing selami-laminipun.
6 (9-7) Satru kawula sampun telas
sirna, kithanipun sampun Paduka
gempur, ngantos sirna lan mboten dipun
èngeti malih.
7 (9-8) Nanging Allah ngedhaton ing
selami-laminipun. Dhamparé didegaké
kanggo nindakaké pangrèhé.
8 (9-9) Panjenengané ngadili jagad
kalayan adil, lan ngadili bangsa-bangsa
kalayan kabeneran.
9 (9-10) Dadiné Allah jumeneng
pangungsèné wong sing kesrakat.
Pangungsèn samasa ati krasa rupek.

---

[b]dhampar: palenggahanipun raja: tahta (bhs. Ind.).

10 (9-11) Tiyang ingkang wanuh
dhateng Paduka menika sami kumandel
dhateng Paduka. Tiyang ingkang madosi
Paduka mboten naté Paduka tégakaken,
dhuh Allah.
11 (9-12) Memujia kalawan masmur
konjuk marang Allah, kang ngedhaton
ana ing Sion! Pakaryané wartakna
marang para bangsa!
12 (9-13) Merga Panjenengané kang
malesaké getih kang kawutahaké, iya
ngèngeti wong sing disiya-siya; ora supé
marang pesambaté.
13 (9-14) Dhuh Allah, kawula mugi
Paduka welasi, mugi mirsani dhateng
kasangsaran kawula, margi saking
pendamelipun satru kawula; mugi
Paduka ngluwari kawula saking pejah,
dhuh Allah.
14 (9-15) Supados kawula sami
nyariyosaken sedaya pakaryan Paduka
ingkang élok, lan sami surak-surak
wonten ing ngajengipun tiyang-tiyang
ing Yérusalèm awit saking pitulungan
Paduka.
15 (9-16) Bangsa-bangsa sami
kecemplung ing luwangan ingkang
dipun damel piyambak, sukunipun sami

kesrimpung ing jiret ingkang dipun
pasang piyambak.
16 (9-17) Gusti Allah wis nglairaké
sarirané lan wis ndhawahaké
paukumané; wong ala kejiret déning
penggawéné dhéwé.
17 (9-18) Wong lamis iku marani pati,
yakuwi sakèhé bangsa kang sungkan
ngabekti marang Allah.
18 (9-19) Awit ora ing selawasé wong
mlarat ditégakaké, pengarep-arepé
wong sangsara ora ilang ing selawasé.
19 (9-20) Dhuh Allah, mugi kersa
jumeneng, manungsa sampun ngantos
ngendelaken badanipun piyambak;
bangsa-bangsa mugi Paduka adili ing
ngarsa Paduka!
20 (9-21) Supados sami ajrih, dhuh
Allah, mila badhé sami ngakeni,
bilih piyambakipun menika namung
manungsa kémawon.

10 1 Dhuh Allah, kénging menapa
Paduka jumeneng ing katebihan
lan umpetan samasa kawula nandhang
karibedan?
2 Margi saking angkuhipun, tiyang-
tiyang awon sami nindhes tiyang
kesrakat; tiyang-tiyang jahat wau sami

kénginga jireting pangothak-athikipun
piyambak.
3 Margi tiyang awon sami nguja
pepénginané manahipun, lan tiyang
srakah ngipat-ipati sarta nampik Allah.
4 Tiyang duraka kalayan umuk sami
mungel, "Gusti Allah rak ora arep males
marang aku! Gusti Allah ora ana!"
mekaten penganggepipun.
5 Salampah-lampahipun tansah
angsal damel; dhawuh Paduka menika
kemuluken, ngantos piyambakipun
mboten gaduk; sedaya mengsahipun
dipun anggep sepélé.
6 Osiking manahipun, "Kekuwatanku
ora bakal suda. Aku ora bakal kena ing
paukuman."
7 Senengipun memisuh, goroh lan
misakit; tembungipun kebak pangancam
lan piawon.
8 Piyambakipun ndhelik ing gubug-
gubug; ing papan ingkang sepen badhé
mejahi tiyang ingkang tanpa kalepatan.
9 Mripatipun ndingkik tiyang ingkang
apes, lan ndhekem ing pandhelikan.
Kados singa ing rerungkudan, ing ngriku
enggènipun ngentosi tiyang ingkang
badhé dipun mangsa. Tiyang wau

dipun tubruk lan dipun glandhang ing
pandhelikanipun.
10 Caranipun mendhak, mbungkuk
lajeng nubruk; tiyang-tiyang ingkang
apes wau srana cakaripun ingkang rosa.
11 Osiking manahipun, "Allah mesthi
ora mreduli; Panjenengané ora mirsani,
mulané ora bakal pirsa aku."
12 Dhuh Allah, mugi kersa jumeneng!
Dhuh Allah, mugi kersa mulungaken asta
Paduka. Tiyang ingkang kesrakat mugi
sampun ngantos Paduka supèkaken.
13 Kénging menapa tiyang duraka sami
ngawon-awon Allah, kalayan criyos
ing manahipun, "Aku mesthi ora bakal
diwales déning Allah."
14 Mangka Paduka saèstunipun pirsa,
margi Paduka menika mirsani dhateng
kasisahan tuwin sakiting manah, sarta
Paduka pundhut ing asta Paduka
piyambak. Pramila tiyang apes sami
suméndhé pasrah dhateng Paduka; lan
tumraping laré lola, Paduka jumeneng
juru pitulunganipun.
15 Kekiyatanipun tiyang awon mugi
Paduka sirnakaken, piawonipun mugi
Paduka adili, ngantos sami sirna saking
ngarsa Paduka.

16 Allah jumeneng raja langgeng ing
selawasé. Para bangsa sing nyembah
brahala wis padha sirna saka tanahé
Allah.
17 Dhuh Allah, Paduka mugi nyembadani
pandonganipun tiyang kesrakat,
manahipun mugi sami Paduka
sentosakaken.
18 Talingan Paduka mugi nilingaken,
sarta Paduka badhé paring keadilan,
dhateng laré lola lan dhateng tiyang
ingkang dipun aniaya, supados ing jagad
mboten wonten tiyang ingkang wantun
nganiaya dhateng sesaminipun.

11 1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi. Aku
ngandel marang Allah, kepriyé déné
kowé wani-wani karo aku muni, "Mabura
menyang gunung kaya manuk!"
2 Merga wong ala menthang
gendhéwané, masang panahé ing
kendhenging[c] gendhéwané, kanggo
manah wong sing atiné jujur, ana ing
petengan.
3 Menawa cagak sing dienggo cekelan
ambruk, wong mursid arep kepriyé?

---

[c]kendheng: sendheng: tangsul gendhéwa.

4 Gusti Allah dedalem ana ing
Pedalemané kang suci; palenggahané
ana ing swarga. Tingalé ngulataké
para manungsa, mirsani sing padha
dititahaké.
5 Allah ndadar marang wong mursid
lan marang wong jahat, Panjenengané
gething marang wong sing dhemen
nganiaya.
6 Wong ala padha diudani geni mawa
lan lirang; sarta diganjar angin sing
panas.
7 Merga Allah iku adil, lan rena marang
kabeneran; wong sing barès atiné bakal
ndeleng marang wedanané Allah.

12 1 Masmur anggitané Dawud,
kanggo pemimpin penyanyi. Kaya
lagu sing kaping wolu. (12-2) Dhuh
Allah, mugi kersa paring pitulung, sebab
tiyang mursid sampun telas, sampun
mboten wonten tiyang ingkang temen.
2 (12-3) Tiyang sedaya sami
goroh, ingkang setunggal nggorohi
setunggalipun; wicantenipun sami
lelamisan, manahipun rangkep.
3 (12-4) Muga-muga Allah numpes
sakèhé lambé kang lamis lan sakèhé ilat
sing seneng umuk.

4 (12-5) Wong mau padha muni, "Srana
tembungku aku bisa nuruti apa sing
dakkarepaké! Aku bisa muni sekarepku,
lan ora ana wong sing bisa menggak
aku!"
5 (12-6) Pangandikané Allah, "Aku
arep rawuh, merga wong miskin padha
ditindhes lan wong sing dikuya-kuya
padha sesambat. Aku paring pitulungan
marang sing padha ngarep-arep marang
pitulungan."
6 (12-7) Janjiné Allah kena dipesthèkaké
murniné, kaya slaka sing dilèlèr ing
geni, nganti rambah ping pitu. Dhuh
Allah, namung Paduka piyambak
ingkang netepi janji Paduka. Paduka
tansah badhé ngayomi kawula, sarta
nguwalaken kawula saking tiyang-tiyang
awon menika ing selami-laminipun.
7 (12-8) (12:6)
8 (12-9) Tiyang duraka menika wonten
ing saenggèn-enggèn, lan saben tiyang
sami ngalem dhateng piawon.

13

1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi. (13-
2) Dhuh Allah, ngantos pinten laminipun
enggèn Paduka badhé nyupèkaken
kawula? Taksih pinten dangunipun

enggèn Paduka nutupi wedana Paduka
ing ngatasipun kawula?
2 (13-3) Ngantos pinten laminipun
enggèn kawula kedah nandhang
kuwatos ing manah, sarta ngraosaken
kasisahan sadinten-dinten? Ngantos
pinten laminipun para mengsah kawula
sami ngawonaken kawula?
3 (13-4) Kersaa mirsani dhateng
kawula, lan kersaa paring wangsulan,
dhuh Pangéran, Allah kawula! Kersaa
mangsulaken kekiyatan kawula, supados
kawula mboten ngalami pejah.
4 (13-5) Supados satru kawula
mboten sami mungel, "Dhèwèké wis
daktelukaké." Lan mengsah kawula sami
surak-surak, samasa kawula keplajeng.
5 (13-6) Nanging kawula pitados
dhateng sih-kadarman Paduka, lan
manah kawula surak-surak mergi saking
pitulungan Paduka.
6 (13-7) Aku arep memuji konjuk ing
Allah, merga saka kasaénané marang
aku.

14

1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi.
Wong bodho kandha ing sajroning atiné,
"Allah kuwi ora ana!" Apa sing dilakoni

kuwi rusuh lan nistha, ora ana sing gawé
kabecikan.
2 Gusti Allah mirsani saka swarga
marang para manungsa, apa ana sing
duwé budi lan nggolèki Allah.
3 Wis padha nasar kabèh, kabèh wis
bejat; ora ana sing gawé becik, siji waé
ora ana.
4 Wong kabèh padha ora rumangsa
nglakoni piala, enggoné padha mangan
bangsaku nganti ludhes kaya wong
mangan roti waé, sarta padha ora tau
nyebut marang Allah.
5 Nanging wong-wong mau bakal padha
ketaman ing pagiris gedhé, merga Allah
ana ing tengahé wong mursid.
6 Karebèn wong ala padha mbubrah
rancanganė wong kesrakat, nanging
Allah ngayomi wong-wong mau.
7 Muga-muga Israèl diparingi
kemenangan saka Sion! Menawa
Allah mulihaké kaananė umaté,
Yakub bakal surak-surak, sarta Israèl
bungah-bungah.

15 1 Masmur anggitané Dawud. Dhuh
Allah, sinten ingkang kelilan
manggèn ing Kémah Paduka? Sinten

ingkang kelilan manggèn ing redi Paduka
ingkang suci?
2 Yakuwi wong kang lakuné tanpa
cacad, sarta nglakoni penggawé becik,
3 kang tembungé temen kalayan trus
ing ati, lan ora seneng wewadul, sarta
ora gawé ala marang pepadhané, ora
nacad marang padha-kancané, lan ora
ngrasani tanggané;
4 kang éwa marang wong kang
tumindak nistha, nanging ngajèni
marang wong mursid; saupama sumpah
kang marakaké pitunané dhéwé, iya ora
dijabel;
5 kang ora nganakaké dhuwit, ora
nampani besel lan ora nglawan wong
sing ora duwé kaluputan. Sapa sing
kelakuané kaya mengkono, uripé bakal
tentrem.

16 1 Miktam[d] anggitané Dawud.
Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
reksa, awit Paduka menika pengayoman
kawula.
2 Unjukku marang Allah, "Paduka
menika Allah kawula, kawula mboten
gadhah kabegjan sanèsipun kejawi
saking Paduka piyambak!"

---

[d]Miktam: namanipun lagu, bangsanipun syair.

3 Para tiyang pitados menika tiyang
mulya, menika tiyang ingkang kawula
remeni.
4 Tiyang ingkang nyembah dhateng
allah sanès-sanèsipun badhé manggih
kasisahan kathah. Kawula mboten
badhé tumut saos kurban kaliyan
piyambakipun; kawula mboten badhé
nyembah dhateng allahipun, namanipun
mboten badhé kawula ucapaken.
5 "Dhuh Allah, sedaya gadhahan kawula
namung wonten ing Paduka. Paduka
maringi samukawis ingkang kawula
betahaken, nasib kawula wonten ing
asta Paduka.
6 Iba élokipun peparing-peparing
Paduka; iba saénipun sedaya menika!"
7 Aku dakmemuji marang Allah merga
saka pitedah-pitedah sing diparingaké
marang aku. Ing wayah bengi aku
tansah diélingaké déning batinku.
8 Aku tansah éling yèn Allah ana ing
ngarepku, Panjenengané celak, mulané
aku ora sumelang.
9 Atiku bungah lan nyawaku surak-
surak, mula aku pasrah kalawan
ayem-tentrem.

10 "Margi Paduka mboten badhé
masrahaken nyawa kawula dhateng
teleng palimenganing pejah, lan mboten
négakaken kekasih Paduka ngantosa
ngalami sirna.
11 Paduka nedahaken margining gesang
dhateng kawula; wonten ing ngarsa
Paduka kabingahan kawula ngantos
lubèr, kabingahan peparing Paduka
langgeng ing selaminipun."

17

1 Pandongané Dawud. Dhuh
Allah, mugi kersa miyarsakaken
pandonga kawula, nyuwun keadilan,
mugi kersa migatosaken pesambat
kawula nyuwun pitulungan, medal
manah ingkang tulus.
2 Putusan ingkang Paduka dhawahaken
badhé ngleresaken kawula, margi
paningal Paduka mirsani menapa
ingkang leres.
3 Menawi Paduka nguji manah kawula,
Paduka tliti ing wanci dalu, sarta mriksa
kawontenan kawula, Paduka mboten
badhé manggih prekawis ingkang awon.
4 Kawula mboten naté ngraosi kados
tiyang sanès, kawula mbangun-
turut dhateng Paduka, lan mboten
ngrodha-peksa.

5 Selaminipun kawula ngambah margi
Paduka lan mboten naté nilar pitedah
Paduka.
6 Dhuh Allah, kawula ndedonga dhateng
Paduka, margi Paduka paring wangsulan
dhateng kawula; pramila mugi kersa
nilingaken kawula sarta midhangetaken
atur kawula.
7 Mugi kersa ngetingalaken sih-kasetyan
Paduka ingkang élok, sarta mitulungi
kawula; wonten ing pamengku Paduka
kawula badhé luwar saking pendameling
mengsah kawula.
8 Kawula mugi Paduka reksa, kados
maniking paningal Paduka piyambak;
sarta Paduka kempit wonten ing swiwi
Paduka,
9 supados tiyang ingkang ngangkah
risak kawula mboten saged manggihi
kawula; mekaten ugi satru bebuyutan
kawula ingkang sami ngrubung kawula.
10 Tiyang menika sami mboten gadhah
katresnan lan wicantenipun angkuh.
11 Sami ngetutaken kawula ing sapurug
kawula, kawula tansah dipun awasi,
supados saged ngrebahaken kawula.
12 Èmperipun kados singa ingkang
badhé ndekep, kados singa nèm ingkang

mendhak-mendhak badhé nyempal-
nyempal kawula ing pandhelikan.
13 Dhuh Allah, mugi kersa jumeneng,
tiyang menika mugi Paduka lawan lan
Paduka kawonaken. Dhuh Allah, kawula
mugi Paduka luwari srana pedhang
Paduka, saking tanganipun tiyang awon.
14 Dhuh Allah, asta Paduka mugi
ngluwari kawula saking tiyang dosa
ingkang pandumanipun wonten ing
donya ngriki; mugi Paduka ukum srana
paukuman ingkang sampun Paduka
cawisaken kanggé piyambakipun,
kanggé anak-anakipun, lan tirahanipun
kawarisna dhateng putu-putunipun.
15 Nanging menggah kawula, ingkang
Paduka luwari saking dosa lan
paukuman, badhé nyawang wedana[e]
Paduka, lan mbénjing ing dintening
petangèn badhé kalayan marem
nyawang dhateng Paduka.

18 1 Masmur anggitané Dawud,
abdiné Allah, kang ngunjukaké
pamuji marang Allah, sawisé diluwari
saka tanganė sakèhing mungsuhé lan
saka tanganė Saul, kanggo pemimpin
penyanyi. (18-2) Pangucapé Dawud,

---
[e]wedana: pasuryan. Tembungipun limrah: rai.

"Kawula tresna dhateng Paduka, dhuh
Allah, Paduka menika kekiyatan kawula!
2 (18-3) Dhuh Allah, Paduka menika
ingkang ngreksa kawula, inggih tamèng
kawula, lan pangungsèn kawula, ingkang
ngluwari kawula."
3 (18-4) Pinujia Allah, awit asmané
kang daksebut, wis ngluwari aku saka
tangané mungsuhku.
4 (18-5) Nalika tali-talining pati mbanda
marang aku, lan ombaking kasangsaran
ngebyuki aku,
5 (18-6) bebaya pati ngepung aku,
jireting pati dipasang ana ing ngarepku,
6 (18-7) ing sajroning karupekan
mau, aku sesambat marang Allah, aku
nyebut asmané nyuwun pitulungan.
Panjenengané saka ing dalemé miyarsa[f]
swaraku, panjeritku katampi ing
talingané.
7 (18-8) Bumi banjur gonjing lan
dhasaring gunung moyag-mayig, merga
saka mulading dukané.
8 (18-9) Granané ngetokaké kukus,
saka tutuké metu geni memangsa,
mawané mengangah.

---

[f] miyarsa: tembungipun limrah: mireng.

9 (18-10) Langit dipentiyungaké,
Panjenengané nuli tumedhak;
mendhung sing peteng ana ing
sangisoring sampéyané.
10 (18-11) Panjenengané nuli nitih
kerub,[g] banjur mabur nglayang ing
sandhuwuring angin.
11 (18-12) Pepeteng didadèkaké
pandhelikané, udan sing peteng lan
mendhung kandel kaagem minangka
tarubé.
12 (18-13) Mendhung, udan ès lan
mawa mengangah kena sunaré temah
sirna.
13 (18-14) Allah nganakaké gludhug ana
ing langit, Kang Mahaluhur ngulukaké
sabdané.
14 (18-15) Panahé dilepasaké, nganti
mungsuhé dibuyaraké, bledhèg
ditlorongaké, temah padha gumyur.
15 (18-16) "Dhasaring seganten dados
ketingal, lan dhasaring bumi kabikak,
margi saking mulading bebendu Paduka,
lan saking bentèring napas saking grana
Paduka."

---

[g]kerub: golongané malaékat.

16 (18-17) Panjenengané nuli mulung
astané saka ngaluhur, aku banjur
dicandhak, dientas saka banjir gedhé.
17 (18-18) Panjenengané ngluwari aku
saka mungsuhku sing gagah prakosa,
lan saka wong-wong sing sengit marang
aku, merga satruku kwasané ngungkuli
aku.
18 (18-19) Nalika aku nandhang
sangsara, aku dicegat déning
mungsuhku, nanging Allah iku
kekuwatanku.
19 (18-20) Aku diirid metu menyang
papan sing ombèr, lan aku diluwari,
merga Panjenengané tresna marang
aku.
20 (18-21) Aku diwales déning
Allah miturut kaananku kang resik.
Aku diberkahi merga aku ora duwé
kaluputan.
21 (18-22) Aku mbangun-turut marang
prenatané Allah, aku ora nyingkur
Panjenengané.
22 (18-23) Panjenengané pirsa yèn aku
ora nglirwakaké sakèhé dhawuhé lan
sakèhé pepakoné dakgatèkaké.

23 (18-24) Lakuku tanpa cacad ana ing
ngarsané, lan aku tansah ngati-ati; ora
nganti gawé kaluputan ing ngarsané.
24 (18-25) Mulané Allah males marang
aku miturut kaananku sing bener, merga
Panjenenganè pirsa yèn aku ora duwé
kaluputan.
25 (18-26) "Dhuh Allah, kawula menika
setya dhateng tiyang ingkang tresna
dhateng Paduka; tumrap tiyang ingkang
lampah saé, Paduka paring kasaénan.
26 (18-27) Tumrap tiyang ingkang resik
ing manah, pangrèh Paduka inggih resik,
nanging tiyang ingkang nglawan dhateng
Paduka, inggih Paduka lawan.
27 (18-28) Tiyang ingkang andhap-asor
Paduka pitulungi, nanging Paduka
ngasoraken tiyang ingkang angkuh.
28 (18-29) Dhuh Pangéran, Allah
kawula, Paduka ingkang paring
pepadhang dhateng kawula, pepeteng
kawula menika Paduka ingkang
nyingkiraken.
29 (18-30) Paduka ingkang paring
kekiyatan, ngantos kawula wani nerjang
mengsah. Margi saking Allah kawula,
kawula wantun nglumpati témbok."

30 (18-31) Pangrèhé Allah iku
sampurna, pangandikané Allah iku
murni; Panjenengané minangka tamèng
tumrap saben wong sing ngungsi marang
Panjenengané.
31 (18-32) Sebab sapa ta sing jumeneng
Allah kejaba Panjenengané? Lan sapa ta
kang jumeneng pangungsèn kita kejaba
Allah kita?
32 (18-33) Allah iku kang dadi
kekuwatanku, sing gawé lakuku
kepénak,
33 (18-34) kang ndadèkaké jangkahku
ènthèng kaya sikiling menjangan; sing
ngreksa aku ana ing pegunungan,
mulané aku ayem.
34 (18-35) Panjenengané kang nglatih
aku perang, nganti aku bisa menthang
gendhéwa tembaga.
35 (18-36) Kawula Paduka paringi
tamèng kawilujengan Paduka, lan
kekiyatan Paduka nyanggi kawula,
sarta sih-palimirma Paduka ndadosaken
kawula ayem.
36 (18-37) Krana saking Paduka kawula
mboten naté kecepeng ing mengsah, lan
suku kawula mboten naté kesandhung.

37 (18-38) Mungsuhku dakoyak nganti
kecekel, aku durung bali yèn mungsuhku
durung dakpatèni kabèh.
38 (18-39) Mungsuhku dakgebug nganti
ora bisa tangi menèh; padha ambruk
ana ing sangisoring tlapakanku.
39 (18-40) Paduka ndadosaken kawula
rosa ing perang, tiyang ingkang nglawan
dhateng kawula, Paduka telukaken
dhateng pangwaos kawula.
40 (18-41) Mengsah kawula Paduka
damel ajrih, mila sami keplajeng, lan
tiyang ingkang sengit dhateng kawula,
sami Paduka tumpes.
41 (18-42) Tiyang wau sami sesambat
nyuwun tulung, nanging mboten wonten
ingkang nulungi; sami celuk-celuk
dhateng Allah, nanging Allah mboten
paring wangsulan.
42 (18-43) Mungsuhku padha dakejur-
ejur nganti kaya bledug kabur ing angin,
lan dakbuwang ing dalan kaya blethok.
43 (18-44) Paduka sampun nguwalaken
kawula saking umat ingkang mbaléla.
Kawula Paduka dadosaken raja ingkang
ngerèh para bangsa. Tiyang ingkang
mboten kawula tepangi, sami dados
rèh-rèhan kawula.

44 (18-45) Tiyang manca negari sami
nyembah dhateng kawula, menapa
sapréntah kawula dipun turut.
45 (18-46) Mengsah sami kécalan
kekendelanipun, mila sami medal saking
bètèngipun kalayan gumeter.
46 (18-47) Paduka menika Allah
ingkang gesang! Pinujia Juru Slametku!
Linuhurna Allah kang mitulungi aku!
47 (18-48) Allah kang malesaké
aku! Kang nelukaké bangsa-bangsa
kadadèkaké rèh-rèhanku.
48 (18-49) Panjenengané ngluwari
aku saka mungsuhku. Paduka
sampun ngluhuraken kawula ngantos
nglangkungi tiyang-tiyang ingkang
sami nglawan dhateng kawula. Kawula
sampun Paduka luwari saking tanganipun
tiyang-tiyang ingkang ambek siya.
49 (18-50) Pramila kawula badhé
ngidungaken nyanyian puji sokur
dhateng Paduka, ing tengahing para
bangsa. Dhuh Allah, kawula badhé saos
puji sokur konjuk ing asma Paduka.
50 (18-51) Panjenengané sing paring
kemenangan marang Sang Raja, abdiné,
sarta ngetingalaké sih-kasetyané
marang wong sing ditetepaké ing

kalenggahané, yakuwi marang Dawud
lan anak-putuné turun-temurun!

19

1 Masmur anggitané Dawud,
kanggo pemimpin penyanyi.
(19-2) Langit nyritakaké kamulyané
Allah lan akasa mratélakaké yasaning
astané.
2 (19-3) Ing wayah awan ngandhakaké
bab pakaryané mau tekan dina
candhaké, lan wayah wengi nyritakaké
ganti-gumanti bab pakaryan mau.
3 (19-4) Enggoné crita ora nganggo
tembung, swarané ora keprungu.
4 (19-5) Éwasemono kawentar ing
salumahing bumi, nyrambahi sajagad
wrata. Allah yasa kémah ing akasa
kanggo srengéngé,
5 (19-6) kang njedhul ing wayah ésuk
kaya pengantèn lanang metu saka
kamaré, gagah kaya satriya lelana.
6 (19-7) Wetuné saka ing tepining
langit, banjur nanjak nganti tekan sisih
liyané; ora ana barang sing ngaling-alingi
panasé.
7 (19-8) Dhawuh-dhawuhé Allah iku
sampurna, nyegeraké nyawa. Prenatané
Gusti Allah kena diendelaké, minteraké
wong sing ora pengalaman.

8 (19-9) Dhawuhé Gusti Allah kuwi
bener, gawé bungahé ati; dhawuhé Allah
kuwi adil, madhangi nalar lan budi.
9 (19-10) Pangabekti marang Allah,
selawasé becik, putusané Allah mesthi
bener, adil ing sekabèhé.
10 (19-11) Dhawuhé Gusti Allah kuwi
beciké ngungkuli emas, malah emas
tuwa sing akèh pisan; leginé ngungkuli
madu, sing tumètès saka talaning tawon.
11 (19-12) Abdi Paduka sami angsal
seserepan; kawula ingkang sami
ngèstokaken sami angsal ganjaran.
12 (19-13) Sinten ingkang saged
nyumerepi kalepatan ingkang dipun
lampahi? Mugi kersa nglebur kalepatan
kawula ingkang mboten kawula jarag.
13 (19-14) Kang abdi mugi Paduka
tebihaken saking dosa ingkang dipun
jarag, sampun ngantos dosa wau
ngwaosi ingkang abdi. Mila kawula
badhé tanpa cacad, sarta resik saking
kalepatan ageng.
14 (19-15) Mugi tembung ingkang
kawula ucapaken, sarta pengangen-
angening manah kawula damel renaning
penggalih Paduka. Dhuh Allah, Paduka

menika pangungsèn saha panebus
kawula.

20 [1] Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi.
(20-2) Pangéran mugi nyembadani
panyuwunipun Sang Prabu ing
nalikanipun nandhang reribed! Allahipun
Yakub mugi ngayomi Sang Prabu!
[2] (20-3) Allah mugi maringi pitulungan
dhateng panjenengan saking
Pedalemanipun Allah, sarta paring
pambiyantu dhateng panjenengan
saking Gunung Sion.
[3] (20-4) Allah mugi kersa ngèngeti
sakathahing kurban dhaharan, sarta
rena dhateng kurban obongan ingkang
panjenengan saosaken.
[4] (20-5) Allah mugi maringi menapa
ingkang panjenengan kersakaken, sarta
njurungi menapa ingkang panjenengan
rancang.
[5] (20-6) Kawula badhé giyak-giyak,
margi saking kemenangan panjenengan;
sarta badhé memuji Allah, ingkang
sampun paring kemenangan wau.
Allah mugi njurungi ing sapanyuwun
panjenengan.

6 (20-7) Ing samengko aku yakin
yèn Allah mesthi paring kaunggulan
marang wong kang wis ditetepaké
kalenggahané. Allah paring wangsulan
saka swarga, sarta paring kemenangan
srana pangwasané.
7 (20-8) Sawenèhing wong padha
ngendelaké krétané, sawenèh menèh
ngendelaké jarané, nanging aku padha
ngendelaké pangwasané Allah kita.
8 (20-9) Wong-wong mau bakal padha
tiba, nanging kita bakal ngadeg jejeg
kalawan mantep.
9 (20-10) Dhuh Allah, Paduka mugi
paring kemenangan dhateng Sang
Prabu; menawi nyebut asma Paduka
kersaa paring wangsulan.

21

1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi. (21-
2) Dhuh Allah, Sang Prabu bingah-bingah
margi sampun Paduka paringi kekiyatan;
Sang Prabu sanget bingahipun, margi
sampun Paduka paringi kemenangan.
2 (21-3) Sampun Paduka jurungi
pepénginané manahipun, panyuwunipun
sampun Paduka leksanani.

3 (21-4) Paduka sampun paring berkah
ingkang lubèr, lan sampun Paduka agemi
makutha emas.
4 (21-5) Sang Prabu nyuwun gesang
dhumateng Paduka, inggih sampun
Paduka paringi yuswa panjang ingkang
langgeng.
5 (21-6) Ageng kaluhuranipun margi
saking pitulung Paduka, asmanipun
misuwur lan ageng kawibawanipun.
6 (21-7) Berkah Paduka tansah nyarengi
panjenenganipun, temah ngalami
kabingahan ing ngarsa Paduka.
7 (21-8) Sang Prabu pitados dhateng
Allah, lan margi saking sih-kasetyanipun
ingkang mahaluhur, panjenenganipun
badhé tetep sentosa.
8 (21-9) Asta Paduka badhé nyepeng
mengsahipun sedaya, inggih sedaya
tiyang ingkang sengit dhateng
panjenenganipun.
9 (21-10) Tiyang-tiyang wau badhé
Paduka besmi, samasa Paduka rawuh
ngetingal, dhuh Allah, sami badhé
Paduka tumpes srana paukuman
Paduka, lan Paduka sirnakaken srana
latu.

10 (21-11) Anak-turunipun badhé
Paduka tumpes saking bumi,
kasirnakaken saking antawisipun
manungsa.
11 (21-12) Menawi sami masang
kala dhateng Sang Prabu, sarta sami
ngancam ngangkah piawon, mboten
badhé angsal damel.
12 (21-13) Sami badhé dipun panah
déning Allah, ngantos badhé sami
mundur lan mlajeng.
13 (21-14) Dhuh Allah, mugi kersa
jumeneng, saha ngetingalaken pangwaos
Paduka. Kawula sami badhé memuji lan
ngidungaken pangwaos Paduka kalayan
masmur.

22 1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi.
Laguné kaya kidung: Menjangan ing
wayah pajar. (22-2) Dhuh Allah kawula,
Allah kawula, menapaa kawula Paduka
tégakaken? Kawula sesambat, nanging
Paduka tetep tebih lan mboten mitulungi
kawula.
2 (22-3) Dhuh Allah kawula, ing wanci
siang kawula sesambat, nanging Paduka
mboten paring wangsulan; ing wanci

dalu inggih mekaten, mila kawula inggih
mboten angsal katentreman.
3 (22-4) Mangka Paduka menika
ingkang Mahasuci, ingkang pinuji-puji
déning umat Israèl.
4 (22-5) Para leluhur kawula sami
pitados dhateng Paduka; sami
kumandel, lajeng Paduka luwari.
5 (22-6) Paduka ingkang dipun sebut,
lajeng sami Paduka entasaken. Paduka
ingkang dipun endelaken lan mboten
sami kwirangan.
6 (22-7) Nanging kawula menika cacing,
sanès manungsa, dipun écé déning sok
sintena, sarta dipun sepèlèkaken déning
tiyang sedaya.
7 (22-8) Tiyang ingkang ningali kawula
sami moyoki, kawula dipun ènjepi
kaliyan gèdhèg-gèdhèg.
8 (22-9) Tembungipun, "Wong kuwi
precaya marang Allah, karebèn Allah
sing ngentasaké. Karebèn Allah sing
ngluwari, yèn pancèn Allah ngasihi wong
kuwi."
9 (22-10) Inggih, Paduka ingkang
nglairaken kawula saking wetenganing
biyung kawula; Paduka ingkang

ndadosaken kawula tentrem nalika
kawula taksih nesep.
10 (22-11) Wiwit lair mila kawula
kapasrahaken dhateng Paduka, wiwit
saking wetenganing biyung kawula
Paduka dados Allah kawula.
11 (22-12) Pramila mugi Paduka sampun
nebihi kawula, margi bebaya sampun
celak, mangka mboten wonten tiyang
ingkang mitulungi.
12 (22-13) Kawula dipun rubung déning
lembu jaler; lembu-lembu Basan sami
ngepung kawula.
13 (22-14) Sami ngangapaken
cangkemipun dhateng kawula, kados
singa ingkang nubruk kalayan nggero.
14 (22-15) Kekiyatan kawula telas,
kados toya ingkang ambles ing siti.
Balung-balung kawula sami pisah;
manah kawula kados lilin ingkang lèlèh.
15 (22-16) Gorokan kawula garing
presasat awu, ilat kawula kraket kaliyan
cethak kawula. Kawula Paduka tilar
gemléthak ing lebuning bumi.
16 (22-17) Kawula karubung déning
segawon-segawon, grombolaning tiyang
awon sami ngepang kawula, tangan lan
suku kawula sami dipun cublesi.

17 (22-18) Balung kawula saged kawula
étang sedaya, tiyang-tiyang wau sami
ningali dhateng kawula, lan kawula
kadamel tontonan.
18 (22-19) Sandhangan kawula sami
dipun edum-edum, sarta penganggé
kawula dipun undhi.
19 (22-20) Nanging, dhuh Allah, mugi
Paduka sampun nebihi kawula, Paduka
menika kekiyatan kawula, mugi énggal
rawuh mitulungi kawula.
20 (22-21) Mugi nguwalaken kawula
saking pedhang, lan ngluwari kawula
saking panganiayanipun tiyang awon.
21 (22-22) Mugi ngluwari kawula
saking cangkemipun singa, lan saking
sungunipun banthèng. Paduka sampun
maringi menapa ingkang kawula suwun.
22 (22-23) Kawula badhé nyariyosaken
asma Paduka dhateng sedhèrèk-
sedhèrèk kawula, sarta memuji asma
Paduka wonten ing satengahing
pasamuwan.
23 (22-24) Hé para wong kang ngabekti
marang Allah, padha nyaosna puji
marang Panjenengané. Hé sakèhé
turuné Yakub, padha nyaosna urmat
marang Panjenengané! Hé sakèhé wong

Israèl kabèh, padha duwéa wedi-asih
marang Panjenengané!
24 (22-25) Merga Pangéran ora
nganggep nistha lan ora éwa marang
kasangsarané wong kesrakat. Lan ora
ngaling-alingi wedanané tumrap wong
mau, malah miyarsakaké samasa padha
sesambat.
25 (22-26) Pujian kagem Paduka
badhé kawula unjukaken, wonten ing
kempalanipun tiyang kathah. Janji
kawula badhé kawula luwari wonten
ngajenganipun tiyang-tiyang ingkang
ngabekti dhateng Paduka.
26 (22-27) Wong kang andhap-asor
bakal mangan wareg, wong sing nggolèki
Allah bakal memuji asmané. Atimu bakal
padha ayem selawasé.
27 (22-28) Wong salumahé bumi bakal
padha éling, banjur padha mratobat
marang Allah. Para bangsa sedaya badhé
sujud wonten ing ngarsa Paduka.
28 (22-29) Awit Paduka ingkang
kagungan Kraton, Paduka ingkang
mengku para bangsa sedaya.
29 (22-30) Kabèh wong angkuh
bakal tumungkul sujud ing ngarsané;
mengkono uga wong kabèh kang mati.

30 (22-31) Para anak-putu bakal
padha ngabekti marang Allah, lan
bakal nyritakaké bab Allah marang
anak-turuné.
31 (22-32) Turuné mau bakal nyritakaké
keadilané marang bangsa kang bakal
lair; sing ditindakakké déning Pangéran,
keadilan.

23

1 Masmur anggitané Dawud. Gusti
Allah kuwi Pangènku, aku ora
kekurangan apa-apa.
2 Aku diengon ing pangonan kang akèh
suketé seger; aku digiring menyang
papan kang banyuné anteng.
3 Aku diparingi kekuwatan anyar, lan
dituntun menyang dalan sing bener,
kaya sing dijanjèkaké.
4 Lakuku senajan ngambah dalan sing
peteng dhedhet, aku ora wedi bebaya,
margi Paduka celak kawula; gada lan
teken ingkang Paduka asta, menika njagi
kawula.
5 Paduka nata pasegahan kanggé
kawula, wonten ing ngajenging para
mengsah kawula. Paduka ngurmati
kawula srana netepaken mawi lisah ing
sirah kawula; tuwung kawula Paduka isi
ngantos mencep-mencep.

6 Kasaénan lan sih Paduka tansah badhé
ngiring lampah kawula salami kawula
gesang, lan kawula badhé manggèn ing
Pedaleman Paduka, selami-laminipun.

24

1 Masmur anggitané Dawud. Bumi
lan saisiné kabèh kuwi kagunganė
Allah, mengkono uga jagad lan kang
padha ngenggoni.
2 Merga Gusti Allah kang nitahaké,
pondhasiné disèlèhaké ana ing segara,
adegé jejeg ana ing sandhuwuré
kali-kali.
3 Sapa sing diwenangaké munggah
menyang gunung sing disucèkaké déning
Allah? Sapa sing diwenangaké ngadeg
ana ing Pedalemané Allah?
4 Wong kang penggawéné resik lan
jujur atiné, sing ora nyembah brahala
lan ora dhemen goroh.
5 Bakal kaparingan berkah déning Allah,
lan ditetepaké ora salah.
6 Wong sing kaya mengkono mau sing
sowan marang Allah, inggih ingkang
sami madosi wedana Paduka; menika
turunipun Yakub.
7 Hé gapura, padha angkaten sirahmu,
hé lawang-lawang langgeng, padha

mengaa, supaya Ratuning Kamulyan
tindak mlebet.
8 Ratuning Kamulyan kuwi sapa? Allah,
kang mahakwasa lan prakosa, Allah
kang prakosa ing perang.
9 Hé gapura, padha angkaten sirahmu,
hé lawang-lawang langgeng, padha
mengaa, supaya Ratuning Kamulyan
tindak mlebet!
10 Ratuning Kamulyan kuwi sapa? Allahé
langit lan bumi, iku Ratuning Kamulyan.

25 1 Masmur anggitané Dawud.
Dhuh Allah, kawula ngunjukaken
pandonga dhateng Paduka.
2 Dhuh Allah, Paduka menika ingkang
kawula endelaken. Mugi sampun ngantos
kawula kwirangan; mengsah kawula
sampun ngantos saged bingah-bingah
ing ngatasipun kawula.
3 Saèstu tiyang ingkang ngantos-
antos Paduka, menika mesthi mboten
kwirangan. Ingkang manggih wirang
inggih menika tiyang ingkang remen
tumindak kianat tanpa sebab.
4 Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
wulang, nyumerepi ingkang dados kersa
Paduka.

5 Kawula katuntuna mlampah ing
kayektosan Paduka, margi Paduka
menika Allah ingkang ngentas kawula;
Paduka ingkang kawula ajeng-ajeng
sedinten muput.
6 Dhuh Allah, Paduka mugi ngèngeti
sih-rahmat lan sih-kasetyan Paduka,
awit menika sedaya sampun wonten
wiwit-wiwitan mila.
7 Mugi sampun ngèngeti dosa kawula
kala nènèman, tuwin dhateng panerak
kawula. Kawula mugi Paduka èngeti
manut kasetyan Paduka, krana saking
kesaénan Paduka, dhuh Allah.
8 Gusti Allah kuwi becik lan adil; mulané
wong dosa diwulang bab dalan sing
bener.
9 Wong kang lembah manah dituntun
ngambah dalan sing bener. Wong
kang lembah atiné ditedahi dalan sing
dikersakaké.
10 Sakèhé dalan pitedahé Allah
mujudaké sih lan kabenerané. Yakuwi
tumrap wong sing padha precaya
marang janjiné lan netepi prenatané.
11 Dhuh Allah, mugi kersa ngapunten
kalepatan kawula krana asma Paduka,

kersaa ngapunten, awit menika kathah
sanget.
12 Sapa kang wedi marang Allah mesthi
diwulang bab dalan sing kudu dipilih.
13 Wong mau tetep nampani kabegjan,
lan anak-putuné bakal nduwèni bumi.
14 Gusti Allah kuwi raket karo wong
sing wedi-asih marang Panjenengané,
Panjenengané netepi janjiné kang
dilairaké marang wong mau.
15 Mripatku tansah mandeng marang
Allah, merga Panjenengané kang
nguwalaké sikilku saka kala-jiret.
16 Paduka mugi mirsani kawula, sarta
melasi kawula, awit kawula sèkèng tuwin
kesrakat.
17 Manah kawula ingkang kebak reribed
mugi Paduka damel longgar, kawula mugi
Paduka uwalaken saking sakathahing
reribed kawula.
18 Paduka mugi mirsani kesrakatan
tuwin kasisahan kawula, saha
sakathahing dosa kawula mugi Paduka
lebur sedaya.
19 Paduka mugi mirsani mengsah
kawula, déné semanten kathahipun,
sarta semanten enggènipun sami sengit
dhateng kawula.

20 Kawula mugi Paduka reksa saha
Paduka luwari, sampun ngantos kawula
kwirangan, margi kawula pitados
dhateng Paduka.
21 Kasucèn lan kautamèn kawula
ngayomana dhateng kawula, awit
Paduka ingkang kawula antos-antos,
dhuh Allah.
22 Dhuh Allah, Israèl mugi
Paduka luwari, saking sakathahing
karibedanipun.

26 1 Anggitané Dawud. Dhuh Allah,
Paduka mugi paring keadilan
dhateng kawula, awit lampah kawula
kalayan manah resik, pitados kawula
dhateng Paduka, tanpa mangu-mangu.
2 Dhuh Allah, mugi kawula Paduka cobi
lan Paduka uji, Paduka kersaa nitipriksa
batos lan manah kawula.
3 Sebab mripat kawula nenga dhateng
sih lan kasetyan Paduka, awit lampah
kawula miturut ing kayektosan Paduka.
4 Kawula mboten awor kaliyan tiyang
ingkang remen goroh, lan mboten
srawung kaliyan tiyang lamis.
5 Kawula sengit dhateng
pakempalanipun tiyang ingkang

nindakaken piawon, lan mboten linggih
ing pejagonganipun tiyang awon.
6 Kawula wisuh tangan, mretandhani
bilih kawula mboten gadhah kalepatan,
lajeng mlampah ngubengi mesbèh
Paduka, dhuh Allah.
7 Kaliyan ngidung kanthi sora
kekidungan minangka saos sokur, sarta
nyariyosaken sakathahing pakaryan
Paduka ingkang élok.
8 Dhuh Allah, kawula remen dhateng
Pedaleman Paduka, inggih papan
pengasoaning kamulyan Paduka.
9 Paduka mugi sampun ngantos
mbéngkas nyawa kawula sesarengan
kaliyan nyawanipun tiyang dosa, utawi
mundhut gesang kawula sesarengan
kaliyan nyawanipun tiyang ingkang
ngwutahaken rah.
10 Ingkang tanganipun tansah damel
piawon, lan tanganipun tengen nampèni
besel.
11 Nanging lampah kawula kalayan
manah resik; mila kawula kaluwarana,
lan kaparingana sih-palimirma.
12 Aku kalis saka sakèhé bebaya; aku
arep memuji marang Allah ana ing
pasamuwan.

27 1 Anggitané Dawud. Allah iku
pepadhangku lan keslametanku,
sapa sing dakwedèni? Allah kang ngreksa
marang aku, aku ora wedi karo sapa
waé.
2 Nalika para durjana padha nyerang
aku, nedya matèni aku, padha
kesandhung lan tiba.
3 Senajan aku dikepung déning tentara
nggawa gegaman, atiku tatag waé.
Senajan aku dilurugi ing perang, aku
bakal tetep precaya.
4 Saprekara sing daksuwun marang
Allah, kang dakpéngini banget, yakuwi
sajegku urip manggona ing Pedalemané
Allah karo ngluhuraké kadarmané, lan
ngrasak-ngrasakaké kabecikané.
5 Sebab nalika aku katempuh ing
bebaya; Panjenengané ngayomi aku ana
ing Pedalemané, aku dipapanaké ana ing
gunung parang.
6 Mulané saiki aku diluhuraké ngungkuli
sakèhé mungsuhku. Ana ing Kémahé
Allah aku arep nyaosaké kurban sokur
karo bungah-bungah. Aku arep memuji
nganggo masmur konjuk marang Allah.

7 Dhuh Allah, mugi miyarsakaken
pesambat kawula, mugi melasi dhateng
kawula, lan paring wangsulan.
8 Manah kawula mireng dhawuh Paduka,
"Kowé sowana ing ngarsa-Ku. Pramila
kawula inggih sowan,
9 dhuh Allah, mugi sampun ngaling-
alingi wedana Paduka dhateng kawula."
Kawula sampun ngantos Paduka tampik
kalayan duka. Paduka menika ingkang
milujengaken kawula. Mugi kawula
sampun Paduka tampik utawi Paduka
tégakaken, dhuh Allah, Juru Wilujeng
kawula.
10 Senajan kawula katilar déning bapa
lan biyung kawula, nanging Paduka
sampun mupu kawula.
11 Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
wulang menapa ingkang kedah kawula
lampahi, lampah kawula katuntuna ing
margi ingkang leres, sumingkir saking
satru-satru kawula.
12 Sampun ngantos kawula Paduka
ulungaken dhateng panyia-nyianing
satru kawula, sebab kathah seksi goroh
ingkang nglawan kawula sesarengan
kaliyan tiyang ingkang remen ngrisak.

13 Aku precaya yèn bakal ngrasakaké
kabecikané Allah sajroning uripku ing
donya!
14 Padha dikuwatna atimu lan sing
tatag! Padha nganti-antia pitulungané
Allah!

28 1 Anggitané Dawud. Dhuh Allah,
Pengayoman kawula, kawula
sesambat dhateng Paduka. Mugi kersa
miyarsakaken pesambat kawula. Menawi
Paduka mboten paring wangsulan,
kawula kados sesaminipun tiyang pejah.
2 Mugi Paduka miyarsakaken pangesah
kawula, samasa kawula sesambat
dhumateng Paduka, tuwin ngangkat
tangan kawula madhep dhateng
Pedaleman Paduka ingkang suci.
3 Kawula sampun ngantos Paduka
ukum sareng kaliyan tiyang awon,
ingkang nglampahi piawon; ingkang
grapyak dhateng kancanipun, nanging
ing batosipun ngrancang piawon.
4 Tiyang menika mugi Paduka wales
timbang kaliyan awoning pendamelipun.
Mugi Paduka ganjar laras kaliyan
pendameling tanganipun. Mugi sami
Paduka dhawahi pemales ingkang adil.

5 Tiyang-tiyang menika mboten sami
nggatosaken pakaryanipun Allah lan
pangrèhing astanipun. Mulané bakal
padha dirusak, lan ora dibangun menèh.
6 Pinujia Allah, awit wis miyarsakaké
pesambatku!
7 Allah dadi kekuwatanku lan tamèngku,
aku precaya marang Panjenengané,
mulané aku banjur kapitulungan, dadi
aku bungah-bungah, lan saos sokur
nganggo nyanyian.
8 Allah iku kekuwataning umaté,
Panjenengané dadi pangungsèn,
sumberé pitulungané ing ngatasé wong
kang dipilih.
9 Paduka mugi milujengaken umat
Paduka sarta mberkahi bangsa kagungan
Paduka; mugi sami Paduka angèn sarta
Paduka rimati ing selaminipun.

29 1 Masmur anggitané Dawud. Hé
para titah sing ana ing swarga,
Allah, ya Allah piyambak, luhurna
kamulyané lan pangwasané!
2 Asmané Allah kang mulya kuwi
luhurna; padha sujuda ing ngarsané
karo nganggo sandhangan suci!

3 Swarané Allah keprungu ing
sandhuwuré samodra, Allah kang mulya
nganakaké gludhug.
4 Swarané Allah isi kekuwatan, swarané
Allah agung.
5 Ngrubuhaké wit èrès, wit èrès ing
Libanon padha dirubuhaké.
6 Gunung Libanon didadèkaké mlumpat-
mlumpat kaya pedhèt, lan Gunung
Siryon kaya gudèl.
7 Swarané Allah ngetokaké geni
nyembur-nyembur.
8 Swarané Allah ngoregaké ara-ara
samun, ngoregaké ara-ara Kadèsy.
9 Swarané Allah ndadèkaké menjangan
padha manak sarta mbrindhilaké alas
gedhé. Ing Pedalemané wong kabèh
padha muni, "Kamulyakna!"
10 Allah pinarak ing sandhuwuré banjir,
Allah jumeneng Raja ing selawasé.
11 Allah kersa paring kekuwatan marang
umaté, Allah kersa mberkahi umaté
wujud katentreman!

30 1 Masmur anggitané Dawud,
kanggo ngresmèkaké
Pedalemanipun Allah. (30-2) Dhuh
Allah, Paduka kawula luhuraken, awit
Paduka sampun ngentas kawula, sarta

mboten marengaken satru kawula sami
bingah ing ngatasipun kawula.
2 (30-3) Dhuh Allah, Allah kawula,
kawula sesambat dhateng Paduka,
lajeng kawula Paduka sarasaken.
3 (30-4) Dhuh Allah, Paduka sampun
ngentas kawula saking jagadipun tiyang
pejah, kawula Paduka gesangaken malih,
ngantos mboten èstu mlebet ing kubur.
4 (30-5) Hé para kekasihé Pangéran,
padha saosa puji marang Panjenengané,
sarta padha mujia asmané kang suci.
5 (30-6) Awit bebenduné mung
sedhéla, nanging kesaénané tetep
selawasé urip. Sewengi muput padha
tetangisan, bareng ngarepaké ésuk
padha surak-surak.
6 (30-7) Sajroné kabungahanku aku
ngucap, "Aku bakal ora sléyoran
selawasé!"
7 (30-8) Dhuh Allah, Paduka sampun
mapanaken kawula ing pucaking redi
ingkang kekah. Nanging sareng Paduka
ngaling-alingi wedana Paduka, kawula
kagèt sanget.
8 (30-9) Dhuh Allah, kawula nyebut
asma Paduka, kawula sesambat dhateng
Paduka.

9 (30-10) "Wutahing rah kawula wonten
paédahipun menapa? Utawi menawi
kawula kalebetaken ing kubur, lebu
menapa saged memuji dhateng Paduka?
Menapa saged nyriyosaken kasetyan
Paduka?
10 (30-11) Dhuh Allah, mugi
miyarsakaken sarta melasi dhateng
kawula. Paduka mugi mitulungi kawula!"
11 (30-12) Pesambat kawula sampun
Paduka jurungi; kawula Paduka
dadosaken saged jejogèdan, penganggé
kawula bagor sampun Paduka pundhut,
Paduka santuni kabingahan.
12 (30-13) Supados kawula nglagokaken
masmur konjuk dhateng Paduka, sarta
mboten kèndel kémawon. Dhuh Allah,
Allah kawula. Paduka badhé kawula puji
langgeng ing selaminipun.

31 1 Masmur anggitané Dawud,
kanggo pemimpin penyanyi.
(31-2) Dhuh Allah, kawula ngungsi
dhateng Paduka, kawula mugi sampun
ngantos kwirangan, ing selaminipun,
mugi Paduka entasaken margi saking
keadilan Paduka.
2 (31-3) Paduka mugi miyarsakaken,
mugi énggal paring pitulungan! Paduka

mugi kersa dados pangungsèn, ingkang
ngayomi saha mitulungi kawula.
3 (31-4) Sebab Paduka menika parang
saha bètèng kawula, ingkang ngirid saha
nuntun kawula miturut janji Paduka.
4 (31-5) Kawula badhé Paduka uwalaken
saking kala ingkang dipun pasang tiyang
kanggé kawula, sebab Paduka menika
pangungsèn kawula.
5 (31-6) Dhateng asta Paduka enggèn
kawula mitadosaken nyawa kawula,
dhuh Allah ingkang mahasetya, Paduka
badhé ngluwari kawula.
6 (31-7) Paduka sengit dhateng tiyang
ingkang sami nyembah brahala, ingkang
mboten wonten damelipun menika,
nanging kawula pitados dhateng Allah.
7 (31-8) Kawula badhé bingah lan giyak-
giyak, margi saking sih-kasetyan Paduka,
sebab Paduka pirsa kasangsaran kawula
lan menggalih dhateng karibedaning
manah kawula.
8 (31-9) Paduka mboten ngulungaken
kawula dhateng tanganipun mengsah,
nanging badhé ngekahaken suku kawula,
temah kawula merdika mlampah ing
sapikajeng kawula.

9 (31-10) Dhuh Allah, mugi melasi
dhateng kawula, awit manah kawula
rupek, mripat kawula mbrebes mili,
nyawa lan badan kawula lemes déning
prihatos.
10 (31-11) Gesang kawula ngenes
déning kasisahan saha umur kawula
telas déning pangesah, kekiyatan kawula
saya suda mergi saking kasangsaran,
lan balung kawula dados pepes.
11 (31-12) Kawula dipun siya-siya
déning satru kawula, tangga-tepalih
kawula sami giris, tiyang ingkang wanuh
dhateng kawula sami éwa; menawi
sumerep kawula sami mlajeng nyingkiri
kawula.
12 (31-13) Kawula sami dipun
supèkaken presasat tiyang ingkang
sampun pejah, inggih presasat prabot
ingkang sampun mboten kanggé.
13 (31-14) Kawula mireng tiyang kathah
sami bisik-bisik, bilih kawula kinepang
déning pagiris. Tiyang sami sarembag
nglawan kawula, badhé njabel nyawa
kawula.
14 (31-15) Éwasemanten kawula pitados
dhateng Paduka, dhuh Allah, awit Paduka
menika Allah kawula.

15 (31-16) Begja-tiwas kawula wonten
ing asta Paduka, Paduka mugi ngluwari
kawula saking tanganipun satru, ingkang
ngoyak-oyak kawula.
16 (31-17) Mirsanana abdi Paduka
kalayan sih-kadarman, mugi kersa
milujengaken awit saking sih-piwelas
Paduka.
17 (31-18) Dhuh Allah, kawula mugi
sampun ngantos kwirangan, margi
kawula sesambat dhateng Paduka.
Tiyang jahat kadamela wirang,
kajengipun pejah lan mingkem
cangkemipun.
18 (31-19) Sakathahing lambé ingkang
goroh dadosa bisu, awit ngungel-
ungelaken tiyang jujur mawi piangkuh
lan panyenyamah.
19 (31-20) Iba agenging kesaénan
ingkang Paduka cawisaken, dhateng
tiyang ingkang sami ngabekti dhateng
Paduka, lan ingkang Paduka luntakaken
dhateng tiyang ingkang sami
ngungsi dhateng Paduka, wonten
ing ngajenganing para manungsa.
20 (31-21) Tiyang-tiyang wau sami
Paduka ayomi wonten ing ngarsa Paduka
saking pangrancangipun tiyang awon.

Paduka umpetaken ing panggènan
ingkang kalis ing tukar-paben.
21 (31-22) Pinujia Allah, awit saka
sih-kasetyané, kang dilairaké marang
aku wujud kaélokan, ing wektu aku
ketaman kasusahan.
22 (31-23) Salebetipun gugup mergi
kagèt, kawula nggagas bilih kawula
sampun katundhung saking ngarsa
Paduka. Nanging nyatanipun Paduka
miyarsakaken atur kawula, nalika kawula
sesambat dhateng paduka.
23 (31-24) Hé sakèhé para kekasihé
Pangéran, padha tresnaa marang Allah.
Allah iku ngayomi marang wong sing
setya, nanging wong angkuh diwales.
24 (31-25) Hé sakèhing wong kang
precaya marang Allah, padha disentosa
lan ditatag atimu.
32 1 Kidung isi piwulang anggitané
Dawud. Begja wong sing
diapura kaluputané, kang dosané
kaaling-alingan.
2 Begja wong sing ora diwajibaké déning
Allah nyangga paukumané kaluputané,
lan ora dhemen ngapusi.

3 Menawi kawula mboten ngakeni dosa
kawula, manah kawula sumpek lan
semplah, mila sesambat sedinten muput.
4 Margi rinten dalu kawula Paduka
gebagi kalayan nemen, ngantos
kekiyatan kawula telas, kados lumut
ingkang garing déning bentèring mangsa
ketiga.
5 Dosa kawula lajeng kawula akeni ing
ngarsa Paduka, lan kalepatan kawula
mboten kawula aling-alingi, panyuwun
kawula, "Dakngakoni panerakku ana
ing ngarsané Allah." Paduka lajeng
ngapunten piawon kawula.
6 Mila sakathahing tiyang mursid sami
ndedonga dhateng Paduka, supados
samasa sami katempuh ing karibedan
lan keleban ing kasisahan mboten badhé
sami ngraosaken.
7 Paduka menika pangungsèn kawula,
Paduka badhé nebihaken kawula saking
karibedan; kawula badhé memuji kanthi
sora, ngidungaken pangluwaran saking
Paduka.
8 Allah ngandika, "Aku arep memulang
marang kowé, Daktuduhi dalan kang
wajib kokambah. Kowé bakal Dakparingi

pamrayoga; mripat-Ku bakal ngawasaké
kowé.
9 Mbok aja kaya jaran utawa bihal, kang
ora duwé budi, sing prelu dikendhalèni
yèn arep dicedhakaké kowé."
10 Wong ala nandhang sangsara akèh,
nanging wong kang precaya marang
Allah diayomi déning sih-kasetyané.
11 Mulané hé para wong mursid, padha
bungaha krana pakaryané Allah. Hé
sakèhing wong kang jujur atiné, padha
ngidunga kalawan bungah.

33

1 Hé wong mursid, padha surak-
suraka krana Allah! Wong jujur
atiné patut menawa memuji.
2 Padha saosa puji marang Allah
nganggo clempung, kidungna pujiné
nganggo slukat kawat sepuluh.
3 Saosa kidung pamuji anyar; sing
apik anggonmu nindakaké, dibarengana
swara kang sora.
4 Sebab pangandikané Allah iku nyata,
sarta sakèhé pendamelé adhedhasar
kasetyan.
5 Panjenengané remen marang
kabeneran lan prenatan; kasetyané
tinemu wrata ing salumahing bumi.

6 Sakèhing langit katitahaké déning
sabdané Allah, srengéngé, rembulan lan
lintang-lintang déning Rohing lésané.
7 Segara-segara diklumpukaké dadi siji,
telenging samodra didadèkaké kamar
simpenan.
8 Salumahé bumi padha wedia marang
Allah, wong saisiné jagad padha
gemetera ana ing ngarsané.
9 Sebab Panjenengané ngandika, kabèh
banjur dumadi. Panjenengané dhawuh,
kabèh banjur ana.
10 Allah murungaké rancangané
bangsa-bangsa; rancangané para umat
dibuyaraké.
11 Nanging rancangané Allah tetep ing
selawasé, apa sing dikersakaké, lestari
turun-temurun.
12 Begja bangsa sing nganggep
Panjenengané dadi Allahé, bangsa
sing dipilih Panjenengané dadi umat
kagungané.
13 Allah mirsani saka swarga, mirsani
umat, manungsa kabèh.
14 Saka pedalemané mirsani marang
sakèhé wong saisiné bumi.

15 Panjenenganė kang yasa atinė
manungsa, sarta mirsani apa
sapenggawėnė kabèh.
16 Raja enggonė menang perangė ora
merga akèh tentaranė, lan prejurit
menang ora merga kekuwatanė.
17 Jaran, mokal yèn marakakė menang,
sarta sepira gedhėning karosanė ora
ngolèhakė pangluwaran.
18 Tingalė Allah ngawasakė wong sing
mbangun-turut marang Panjenenganė,
sing padha ngarep-arep marang
sih-kasetyanė.
19 Wong mau padha diuwalakė saka ing
pati, sarta padha diuripi ing mangsanė
paceklik.
20 Kita padha nganti-anti marang Allah,
Panjenenganė kuwi pitulungan kita lan
tetamèng kita!
21 Ati kita padha bungah krana saka
Panjenenganė, kita padha precaya
marang asmanė kang suci.
22 Dhuh Allah, sih-kadarman Paduka
mugi nunggila kaliyan kawula, awit
kawula ngantos-antos Paduka.

34 1 Anggitanė Dawud sawisė ėthok-
ėthok dadi wong ėdan ana ing
ngarsanė Abimèlèh, mula ditundhung,

banjur lunga. (34-2) Aku arep saos sokur
marang Allah ing selawasé, cangkemku
tansah bakal ngucapaké pujiné.
2 (34-3) Aku arep ngluhuraké apa
sing wis katindakaké déning Allah,
supaya wong kesrakat padha krungu lan
bungah!
3 (34-4) Ayo bebarengan karo aku
ngluhuraké Allah, ayo kita bebarengan
padha ngluhuraké asmané.
4 (34-5) Nalika aku nyenyuwun marang
Allah, banjur diparingi wangsulan, lan
kauwalaké saka sebarang sing gawé
wediku.
5 (34-6) Panjenenganè delengen,
supaya ulatmu dadi bingar, lan kowé
bakal ora kwirangan.
6 (34-7) Allah miyarsakaké pesambaté
wong sing dianiaya, wong mau diuwalaké
saka sakèhé karubedané.
7 (34-8) Malaékaté Allah ngreksa wong
kang ngabekti marang Allah, sarta padha
dipitulungi.
8 (34-9) Nyatakna dhéwé sepira
kabecikané Allah mau! Begja wong kang
ngungsi marang Panjenenganè!
9 (34-10) Hé para wong sing dipilih
déning Allah, padha mbangun-turuta

marang Panjenenganè, sebab wong kuwi
uripé bakal ora ngalami kekurangan.
10 (34-11) Singa enom bisa kaliren,
nanging wong kang ngabekti marang
Allah bakal kecukupan samubarang becik
sing dibutuhaké.
11 (34-12) Hé bocah-bocah, padha
ngrungokna, kowé arep dakwulang bab
pangabekti marang Allah!
12 (34-13) Apa kowé kepéngin
ngrasakaké urip kepénak, lan ngalami
umur dawa kebak kabegjan?
13 (34-14) Ilatmu candheten, aja
kewetu sing ala, lan lambému aja
ngucapaké goroh.
14 (34-15) Ngedohana piala, nglakonana
kabecikan, ngangkaha rerukunan,
persudinen supaya olèh.
15 (34-16) Tingalé Allah katujokaké
marang wong mursid, sarta talinganè
nilingaké pesambaté.
16 (34-17) Panjenenganè nglawan wong
sing penggawéné ala, sarta wong mau
disingkiraké saka bumi.
17 (34-18) Samasa wong mursid padha
sesambat, Allah nuli miyarsakaké,
sarta padha diuwalaké saka sakèhé
karubedané.

18 (34-19) Allah cedhak karo wong sing
atiné semplah, sarta mitulungi wong
sing entèk pengarep-arepé.
19 (34-20) Wong mursid akèh
karibedané, nanging Allah ngluwari saka
sekabèhé.
20 (34-21) Allah ngreksa wong mau
kanthi sampurna, nganti balungé ora
ana sing putung siji-sijia.
21 (34-22) Wong jahat mesthi dipatèni
déning pialané dhéwé, sarta sing sapa
sengit marang wong mursid mesthi
nampa paukuman.
22 (34-23) Allah mitulungi marang
umat kagungané, sapa sing ngupaya
pangayomané bakal direksa.

35 1 Anggitané Dawud. Dhuh Allah,
Paduka mugi nglawan dhateng
tiyang ingkang nglawan kawula. Mugi
merangi tiyang ingkang merangi kawula.
2 Tuwan mugi ngasta tamèng lan
dedamel, mugi jumeneng mitulungi
kawula.
3 Mugi kersa ngedalaken tumbak
lan kampak, nglawan tiyang-tiyang
ingkang sami ngoyak kawula. Mugi kersa
ngandika dhateng kawula, "Aku kang
mitulungi kowé!"

4 Tiyang ingkang ngangkah pejah
kawula sami kakawonna lan kawirangna.
Mugi tiyang-tiyang ingkang badhé damel
cilaka kawula sami mundur lan kadamela
bingung.
5 Sami dadosa kados mrambut ingkang
kabur ing angin, samasa kagebag déning
Malaékating Pangéran.
6 Marginipun kadamela peteng lan lunyu
samasa dipun oyak déning Malaékating
Pangéran.
7 Awit tanpa sebab kawula dipun
pasangi kala-jiret, tanpa sebab kawula
dipun pasangi jeglongan.
8 Mugi sami manggiha cilaka tanpa
kenyana-nyana, lan kala ingkang dipun
pasang njireta piyambakipun piyambak,
ngantos sami badhé dhawah lan sirna!
9 Nanging menggah kawula, kawula
badhé surak-surak krana Allah, lan
badhé bingah-bingah awit Pangéran
sampun mitulungi kawula.
10 Kalawan trusing manah, kawula
badhé munjuk dhateng Pangéran,
"Èstu mboten wonten ingkang nyamèni
Paduka. Paduka ngayomi tiyang apes
saking panindhesipun tiyang sanès, saha

nulungi tiyang kesrakat saking ingkang
mblèjèdi."
11 Wonten seksi goroh sami majeng,
kawula dipun gugat nglampahi piawon
ingkang mboten kawula sumerepi.
12 Kesaénan kawula dipun wales mawi
piawon; ngantos kawula semplah tanpa
daya.
13 Nalika piyambakipun sami sakit,
kawula tumut prihatos; kawula lampahi
siyam lan kawula dongakaken,
14 awit kawula anggep mitra utawi
sedhèrèk piyambak, mekaten enggèn
kawula nglabeti. Inggih kados tiyang
ingkang sesambat, samasa katilar pejah
déning embokipun; enggèn kawula
mlampah kalayan tumungkul kados
tiyang ingkang nandhang sisah.
15 Nanging menawi kawula kesandhung
lan dhawah, tiyang-tiyang menika sami
bingah lan sami ngrubung kawula,
sarta sami ngroyok kawula. Tiyang
ingkang mboten wanuh dhateng kawula,
mboten kèndel-kèndel enggènipun sami
ngawon-awon kawula.
16 Kados tiyang awon ingkang gregeten,
mboten kèndel-kèndel enggènipun
moyoki kawula.

17 Dhuh Pangéran, ngantos mbénjing
menapa enggèn Paduka namung mirsani
kémawon? Nyawa kawula mugi Paduka
luwari saking seranganipun tiyang-tiyang
ambek siya menika.
18 Kawula lajeng badhé nyaosaken puji
sokur dhateng Paduka ing tengahipun
pasamuwan ageng, ing tengahipun
tiyang kathah kawula badhé memuji
dhateng asma Paduka!
19 Tiyang-tiyang ingkang sami nyatroni
kawula tanpa sebab, sampun ngantos
sami bingah-bingah ing ngatasipun
kawula, tiyang-tiyang ingkang sami
sengit dhateng kawula tanpa sebab,
sampun ngantos sami nyuraki kawula.
20 Sebab sanès pirukun ingkang sami
dipun rembag, nanging malah sami
ngrancang njlomprongaken tiyang-
tiyang ingkang kepéngin gesang kalayan
tentrem.
21 Ujaripun dhateng kawula kalayan
bengak-bengok, "Sokur, sokur, aku wis
weruh dhéwé!"
22 Dhuh Allah, Paduka sampun pirsa,
mugi sampun kèndel kémawon. Dhuh
Pangéran, mugi sampun nebih saking
kawula.

23 Mugi kersa jumeneng, mbélani
kawula, inggih, mugi kersa mbélanana
prekawis kawula, dhuh Pangéran, Allah
kawula.
24 Mugi kersa ngadili prekawis kawula
miturut keadilan Paduka, dhuh Pangéran,
Allah kawula, supados tiyang-tiyang
menika mboten sami bingah-bingah ing
ngatasipun kawula.
25 Sampun ngantos sami mbatos,
"Kabeneran, kuwi sing dakkarepaké!"
Utawi sami mungel, "Wong kuwi wis
daktumpes!"
26 Tiyang-tiyang menika sami kadamela
kwirangan, lan tiyang-tiyang ingkang
bingah ing ngatasipun kasisahan kawula,
sami kadamela kisinan. Sami kasoran
sarta bingunga, tiyang-tiyang ingkang
nganggep badanipun piyambak langkung
utami tinimbang kawula!
27 Tiyang ingkang bingah menawi
kawula kaleresaken, menika sami
bingah-bingaha, sarta wicanten
mekaten, "Pangéran iku Mahaluhur,
Panjenengané ngersakaké keslametané
abdiné!"

28 Ilat kawula badhé nyariyosaken
keadilan Paduka, sarta mboten kèndel-
kèndel memuji dhateng Pangéran!

36

1 Anggitané Dawud, abdiné Allah,
kanggo pemimpin penyanyi.
(36-2) Sajroning atiné wong duraka ana
gagasan ala, wong mau nampik Allah lan
ora wedi karo Panjenenganè.
2 (36-3) Wong mau nganggep awaké
dhéwé sing utama, rumangsané Allah
ora pirsa dosané, lan ora ngukum dosa
mau.
3 (36-4) Tembungé kebak piala lan
goroh, ora duwé budi lan ora nglakoni
kabecikan.
4 (36-5) Ana ing peturoné ngrancang
gawé rusak, sing dilakoni mung piala
waé, ora ana piala sing ditampik.
5 (36-6) Dhuh Allah, sih Paduka sundhul
ing langit, kasetyan Paduka sundhul ing
méga.
6 (36-7) Kaleresan Paduka menika
inggilipun kados redi, keadilan Paduka
kados samodra. Manungsa lan kéwan
Paduka ingkang ngrimati, dhuh Allah.
7 (36-8) Iba éndahipun sih-kasetyan
Paduka, dhuh Allah. Para manungsa

sami ngungsi wonten ing sangandhaping
swiwi Paduka.
8 (36-9) Sami nedha tuwuk saking
tetedhan ingkang Paduka cawisaken
kalayan lubèr. Paduka paringi ngombé
saking lèpèning kasaénan Paduka.
9 (36-10) Paduka menika etuking
sawernining gesang, lan margi saking
pepadhang Paduka, kawula sumerep
pepadhang.
10 (36-11) Sih-kasetyan Paduka mugi
lestantun kalubèraken dhateng tiyang-
tiyang ingkang sami pitados dhateng
Paduka. sarta keadilan Paduka dhateng
tiyang ingkang manahipun temen.
11 (36-12) Kawula sampun ngantos
kaidak-idak déning sukunipun tiyang
angkuh, utawi sampun ngantos
kacepeng ing tanganipun tiyang awon.
12 (36-13) Lah, para tiyang duraka sami
dhawah, sami gemléthak lan mboten
saged tangi malih.

37

1 Anggitané Dawud. Aja wedi karo
wong sing gawé piala. Aja mèri
karo wong sing tumindak ora jujur.
2 Sebab wong sing mengkono bakal
énggal lesah kaya suket, utawa alum
kaya thethukulan ijo.

3 Precayaa marang Allah lan nglakonana
kabecikan, tetepa manggonmu ana
ing bumi kéné, sarta nglakonana
katemenan.
4 Kabegjanmu ana ing Allah, dadi kowé
mesthi diparingi sakekarepaning atimu.
5 Uripmu pasrahna marang Allah, lan
kumandela marang Panjenengané!
Panjenengané mesthi bakal mitulungi
kowé.
6 Panjenengané bakal ngetingalaké
kabeneranmu kaya pepadhang kaya
padhangé srengéngé ing wayah awan.
7 Diayem atimu lan disabar ngentèni
Panjenengané tumindak; aja mèri karo
wong sing uripé kepénak, utawa wong
sing nglakoni piala.
8 Aja seneng nepsu, aja panas-atèn,
sebab kuwi mung nuwuhaké piala.
9 Sebab wong sing gawé piala bakal
disirnakaké, nanging wong sing precaya
marang Allah bakal olèh warisan bumi.
10 Ora suwé menèh wong duraka bakal
sirna, yèn kokgolèki tilas panggonané,
bakal ora ketemu.
11 Nanging wong kang andhap-asor
bakal olèh warisan bumi, uripé bungah

merga ngalami tentrem-rahayu kang
lubèr.
12 Wong ala ngenam-enam piala tumrap
wong mursid, sengité ngigit-igit.
13 Nanging wong mau digegujeng
déning Allah, merga Panjenenganė pirsa
yèn dinané wong mau wis cepak.
14 Wong duraka padha ngunus
pedhangé lan menthang gendhéwané
kanggo ngrubuhaké wong kesrakat lan
wong mlarat, sarta kanggo matèni wong
sing uripé jujur.
15 Nanging pedhangé mau bakal nuwek
awaké dhéwé, lan gendhéwané bakal
diputung.
16 Barang sethithik sing didarbèki wong
mursid kuwi luwih becik ketimbang karo
kalubèrané wong ala.
17 Sebab Allah bakal mundhut
kekuwatané wong jahat, nanging wong
mursid digawé rosa déning Allah.
18 Allah mirsani penggawé becik sing
saben dina dilakoni wong mursid,
lan tanahé bakal dadi darbèké ing
selawas-lawasé.
19 Samasa katempuh ing bilai bakal
padha ora kwirangan, lan ing mangsa
paceklik bakal mangan wareg.

20 Satemené wong duraka bakal sirna;
satruné Allah iku paribasané suket ing
ara-ara; bakal entèk sirna, kaya kukus,
sing kabur ing angin.
21 Wong ala seneng utang, nanging ora
nyaur, nanging wong mursid dhemen
melasi lan wèwèh.
22 Satemené wong sing diberkahi Allah
kuwi olèh warisan bumi, nanging wong
sing kena paukumané bakal ditumpes.
23 Wong sing uripé gawé renaning
penggalihé Allah lakuné dituntun déning
Allah.
24 Yèn wong mau tiba, ora nganti
gemléthak, sebab tanganè digandhèng
déning Allah.
25 Wiwit aku isih nom, nganti tekan wis
tuwa iki, aku durung tau weruh wong
mursid ditégakaké, utawa anak-putuné
golèk pangan karo ngemis.
26 Malah tansah andum piwelas lan
motang-motangaké, sarta anak-putuné
dadi sranané wong liya binerkahan.
27 Ngedohana piala lan nglakonana
kabecikan, supaya anak-putumu padha
lestari pamanggoné ing tanahé.
28 Sebab Allah rena marang prekara
sing bener, lan ora négakaké marang

wong sing dikasihi. Malah selawasé
padha direksa, nanging anak-putuné
wong duraka bakal disirnakaké.
29 Para wong mursid bakal padha
nampa warisan, lan selawasé manggon
ing tanahé.
30 Tembungé wong mursid kebak
kawicaksanan, lan ilaté ngucapaké
kabeneran.
31 Dhawuh-dhawuhé Allahé ana ing
batiné, lakuné ora tau mlèsèt.
32 Wong ala ndingkik marang wong
mursid lan ngarah patiné.
33 Nanging Allah ora nglilani wong
mursid tiba ing tangané wong ala mau.
Panjenengané ora négakaké wong
mursid ana ing pengadilan ditetepaké
dadi wong duraka.
34 Padha nganti-antia marang Allah,
sarta dalan sing ditetepaké kuwi
antepana, dadi kowé bakal diurmati
déning Pangéran lan kaparingan bumi
sing kokenggoni.
35 Aku weruh ana wong duraka sing
prakosa lan angkuh, sing uripé branggah
kaya wit èrès ing Libanon.

36 Bareng aku liwat ing kono, wong mau
wis ora ana, senajan dakgolèki, meksa
ora ketemu.
37 Wong mursid titènana, lan wong
tumemen awasna, awit wong sing
dhemen marang pirukun bakal lestari.
38 Nanging wong duraka bakal padha
ditumpes kabèh, lan anak-putuné bakal
disirnakaké.
39 Allah dadi etuking karahayoné
wong mursid. Panjenenganè iku papan
pangungsèné ing mangsa karibedan.
40 Allah bakal mitulungi lan ngluwari;
lan padha diuwalaké saka tanganè wong
ala, dipitulungi, merga padha ngungsi
marang Panjenenganè.

38 1 Masmur anggitané Dawud nalika
nyaosaké kurban minangka
pèngetan. (38-2) Dhuh Allah, kawula
mugi sampun ngantos Paduka ukum
karana duka, lan sampun ngantos
Paduka gebagi margi saking bentèring
penggalih Paduka.
2 (38-3) Déné jemparing Paduka
sampun natoni badan kawula ngantos
tembus, badan kawula sampun bosok
awit saking dosa kawula.

3 (38-4) Margi saking paukuman Paduka
badan kawula sekojur mboten wonten
ingkang saras, balung kawula mboten
wonten ingkang wetah margi saking
dosa kawula.
4 (38-5) Piawon kawula sampun
nempuh kawula, mlenet dhateng kawula
kados momotan ingkang kawraten
kanggénipun kawula.
5 (38-6) Korèng-korèng kawula bosok
mila mambet, margi saking keblinger
kawula.
6 (38-7) Saben dinten kawula nandhang
sisah, lampah kawula mbungkuk kalayan
temungkul.
7 (38-8) Margi bangkèkan kawula abuh
sedaya, daging kawula mboten wonten
ingkang wetah.
8 (38-9) Kawula ketelasen daya
kekiyatan lan ajur mumur; kawula
semplah sarta manah kawula trataban.
9 (38-10) Dhuh Allah, Paduka
pirsa menapa ingkang kawula
kajengaken sedaya, mekaten ugi
ingkang ngawrataken manah kawula
inggih mboten kaling-kalingan wonten
ing ngarsa Paduka.

10 (38-11) Manah kawula trataban,
kekiyatan kawula telas, dalah cahyaning
mripat kawula ical.
11 (38-12) Mitra lan kanca-kanca
kawula sami nebih margi sesakit kawula,
sanak sedhèrèk kawula sami nyingkiri
kawula.
12 (38-13) Tiyang-tiyang ingkang
kepéngin mejahi kawula, sami masang
kala-jiret, ingkang ngangkah cilaka
kawula, sami rembagan badhé ngrisak
kawula, saha tansah sami ngrancang
masang kala-jiret.
13 (38-14) Nanging kawula menika
kados tiyang budheg, ingkang mboten
mireng, kados tiyang bisu ingkang
mboten saged gineman.
14 (38-15) Inggih kados tiyang ingkang
mboten mireng lan mboten saged
mangsuli.
15 (38-16) Sebab namung Paduka,
dhuh Allah, ingkang kawula ajeng-ajeng.
Paduka ingkang badhé paring wangsulan,
dhuh Pangéran, Allah kawula.
16 (38-17) Mila atur kawula, "Tiyang-
tiyang menika mugi sampun ngantos
sami bingah ing ngatasipun kawula;

sampun ngantos sami umuk samasa
suku kawula nggloyor!"
17 (38-18) Sebab kawula sampun badhé
dhawah, lan sesakit kawula mboten
mantun-mantun.
18 (38-19) Inggih, kawula ngakeni
kalepatan kawula, ngantos semplah
ngraosaken dosa kawula.
19 (38-20) Cacahipun satru kawula
kathah sanget, mboten sekedhik tiyang
ingkang sami sengit dhateng kawula
tanpa sebab.
20 (38-21) Kesaénan kawula dipun
wales srana piawon, enggènipun nyatru
kawula margi kawula ngudi dhateng
kesaénan.
21 (38-22) Dhuh Pangéran, Allah
kawula, mugi sampun négakaken
kawula, mugi sampun nebihi kawula!
22 (38-23) Dhuh Allah, mugi kersa
énggal mitulungi kawula. Dhuh
Pangéran, Juru Wilujeng kawula.

39
1 Kanggo pemimpin penyanyi.
Masmur anggitané Dawud.
Kanggo Yedhutun. (39-2) Aku wis
ngucap mengkéné, "Pengarep-arepku,
supaya aku ora gawé dosa srana ilatku.

Cangkemku arep dakbrangus, sajroné
isih ana wong ala ana ing ngarepku."
2 (39-3) Aku nuli bungkem lan meneng,
dalah sing becik dakenengaké waé;
nanging sangsaraku malah saya banget.
3 (39-4) Atiku saya kebak rasa
sumelang. Saya akèh enggonku mikir,
saya mundhak akèh karibedanku; aku
ora betah, banjur munjuk mengkéné,
4 (39-5) "Dhuh Allah, taksih pinten
dangunipun gesang kawula? Mbénjing
menapa kawula badhé kapundhut?
Supados kawula mangertos cekaking
gesang kawula.
5 (39-6) Èstu, umur kawula sampun
Paduka tetepaken namung sakilan,
kagem Paduka gesang kawula namung
saklébatan. Inggih, saben tiyang menika
presasat namung abab kémawon.
6 (39-7) Kesinggihan, gesangipun
manungsa namung kados ayang-
ayangan ingkang langkung. Namung
sami usrek rebatan prekawis ingkang
tanpa gina, sami nenandho, nanging
mboten sumerep sinten ingkang
mangkénipun badhé ndarbèni.
7 (39-8) Lah, samenika menapa malih
ingkang kawula antos-antos, dhuh Allah?

Kawula namung ngajeng-ajeng dhateng
Paduka piyambak!
8 (39-9) Paduka mugi ngluwari kawula
saking panerak kawula sedaya, kawula
sampun ngantos dados poyokanipun
tiyang gemblung.
9 (39-10) Kawula mèndel mboten
kumecap, sebab Paduka piyambak
ingkang ndhatengaken kasangsaran
kawula menika.
10 (39-11) Kawula mugi sampun Paduka
gebag malih! Awit kawula mèh pejah
margi panggebaging asta Paduka.
11 (39-12) Paduka melèhaken tiyang
srana panyiksa margi piawonipun.
Sedaya kaéndahanipun kalebur, kados
déné katedha ing renget, saèstunipun
saben tiyang menika namung presasat
abab kémawon.
12 (39-13) Dhuh Allah, mugi
miyarsakaken pandonga kawula,
mugi nilingaken dhateng pesambat
kawula, sampun kèndel kémawon
mirsani luh kawula! Awit kawula menika
tiyang neneka kados para leluhur
kawula, ingkang mertamu sawetawis
wekdal dhateng Paduka.

13 (39-14) Mugi kersa mindhah
paningal Paduka saking kawula, temah
kawula badhé bingah, saha saged lejar
sadèrèngipun tilar-donya, lajeng sirna!"

40 1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi.
(40-2) Banget enggonku nganti-anti
marang Allah, Allah iya mirsani aku lan
miyarsakaké pesambatku.
2 (40-3) Panjenengané ngentas aku
saka sumberé cilaka, saka blethokané
rawa. Panjenengané mapanaké aku ana
ing gunung watu, lan jangkahku dadi
teteg.
3 (40-4) Aku diwarahi ngidung nganggo
nyanyian anyar, kanggo memuji Allah
kita. Akèh wong sing padha weruh, mula
padha wedi, banjur precaya marang
Allah.
4 (40-5) Begja wong sing precaya
marang Allah, kang ora ngandel marang
brahala. Utawa mèlu-mèlu wong-wong
sing nyembah déwa-déwa, ora nggugu
kandhané wong umuk.
5 (40-6) Dhuh Pangéran, Allah kawula,
kathah kaélokan ingkang sampun
Paduka tindakaken kanggé kawula,
mboten wonten ingkang nyamèni

kesaénan Paduka. Saupami badhé
kawula cariyosaken, mesthi mboten
kénging kaétang saking kathahipun.
6 (40-7) Paduka mboten remen kurban
sembelèhan kaliyan kurban dhaharan.
Paduka mboten mundhut kurban
obongan tuwin kurban pangruwating
dosa, nanging Paduka mbikak kuping
kawula, ngantos kawula mireng
pangandika Paduka.
7 (40-8) Pramila kawula munjuk, "Lah
menika kawula sowan, ing gulunganipun
Kitab sampun wonten seratanipun bab
kawula:
8 (40-9) Kawula remen nglampahi
kersa Paduka, dhuh Allah, sarta dhawuh
Paduka menika wonten ing manah
kawula."
9 (40-10) Pawartos ingkang
mbingahaken bab pitulungan Paduka
dhateng kawula sedaya, kawula
cariyosaken dhateng pasamuwanipun
tiyang kathah. Paduka pirsa bilih kawula
badhé tansah martosaken bab menika!
10 (40-11) Kawilujengan peparing
Paduka menika mboten kawula sidhem
kanggé kawula piyambak, kasetyan lan
sih-pitulungan Paduka, sih-kadarman

lan kaleresan Paduka mboten kawula
kèndelaken, nanging kawula lairaken
wonten ing satengahing pasamuwan
ageng.
11 (40-12) Dhuh Allah, mugi sampun
ngantos mundhut wangsul sih-rahmat
Paduka saking kawula, sih lan kaleresan
Paduka mugi tansah ngreksa kawula!
12 (40-13) Awit sangsara tanpa wicalan
sampun ngepang kawula; mripat kawula
sampun katutupan déning dosa-dosa
kawula, ngantos kawula mboten saged
ningali, cacahipun langkung kathah
tinimbang rambut ingkang wonten ing
sirah kawula, manah kawula ngantos
semplah.
13 (40-14) Dhuh Allah, mugi Paduka
kersa ngluwari kawula; dhuh Allah, mugi
tumunten mitulungi kawula!
14 (40-15) Tiyang ingkang sami
ngangkah pejah kawula mugi sami
kwirangan lan kisinan; sami mundura
lan sumingkira tiyang-tiyang ingkang
remen damel cilaka kawula.
15 (40-16) Tiyang ingkang sami
nyukuraken dhateng kawula sami
kabungkem cangkemipun.

16 (40-17) Tiyang ingkang sami madosi
Paduka mugi sami bingah lan suka-rena
margi Paduka; ingkang sami remen
dhateng kawilujengan peparing Paduka
mugi mungela, "Allah Mahaagung!"
17 (40-18) Senajan kawula kesrakat
lan mlarat, nanging Paduka menggalih
dhateng kawula. Paduka ingkang
mitulungi sarta nguwalaken kawula,
dhuh Allah, sampun ngantos kasèp!

41

1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi. (41-
2) Begja wong kang nggematèni wong
sing kesrakat! Allah bakal mitulungi
wong mau samasa nemu kasangsaran.
2 (41-3) Wong kuwi bakal direksa lan
dilestarèkaké uripé, mulané diarani
begja ana ing bumi; Paduka mboten
marengaken tiyang menika dipun
sewenang-wenang déning satrunipun.
3 (41-4) Samasa wong mau lara
bakal dikuwataké déning Allah ana ing
peturoné, sarta dipulihaké nganti waras
babar-pisan.
4 (41-5) Mungguh aku, aturku
mengkéné, "Dhuh Allah, mugi kawula
Paduka welasi, mugi Paduka sarasaken,

sebab kawula sampun damel dosa dhateng Paduka!"

5 (41-6) Satru kawula mujèkaken awon dhateng kawula, "Mbésuk kapan wong kuwi mati, sarta jenengé ora kocap menèh?"

6 (41-7) Tiyang ingkang tuwi namung lelamisan, kajengipun namung ngempalaken pawartos awon, samasa medal lajeng dipun cariyosaken samergi-mergi.

7 (41-8) Sedaya tiyang ingkang sengit dhateng kawula, sami ngraosi awon kalayan bisik-bisik, sarta ngenam-enam piawon tumrap kawula.

8 (41-9) Pangucapipun, "Wong kuwi larané wis banget, lan ora bakal tangi saka peturoné menèh!"

9 (41-10) Dalah mitra ingkang kawula pitados, ingkang tumut nedha sekul kawula, sampun ngungkuraken kawula.

10 (41-11) Nanging dhuh Allah, kawula mugi Paduka welasi, sarta kersaa mulihaken kesarasan kawula, tiyang-tiyang wau lajeng badhé kawula wales.

11 (41-12) Srana mekaten kawula mangertos, bilih Paduka rena dhateng

kawula, lan mboten marengaken satru
kawula bingah ing ngatasipun kawula.
12 (41-13) Tumrap kawula, Paduka
kepareng ngekahaken kawula, margi
tindak kawula leres. Paduka ngiyataken
adeg kawula wonten ing ngarsa Paduka
ing selaminipun.
13 (41-14) Pinujia Pangéran, Allahé
Israèl! Langgeng ing selawas-lawasé!
Amin! Amin!

42 1 Kidung piwulang anggitané
bani Korakh kanggo pemimpin
penyanyi. (42-2) Kados sangsam
ingkang ngorong dhateng toyaning
lèpèn, mekaten pangoronging nyawa
kawula dhateng Paduka, dhuh Allah.
2 (42-3) Nyawaku ngorong marang
Allah kang gesang; mbésuk kapan
bisaku sowan ing ngarsané?
3 (42-4) Aku nangis rina wengi; mung
luhku waé sing dadi panganku. Merga
sedina muput wong padha ngunèni aku,
"Allahmu ana ngendi?"
4 (42-5) Atiku sedhih samasa aku
kèlingan dhèk semana, nalika aku
bebarengan karo wong akèh, mlaku ing
ngarep, sowan ing Pedalemané Allah

karo surak-surak lan memuji sokur, ing
kraméané dina riaya.
5 (42-6) Dhuh nyawaku, yagéné kowé
sedhih? Yagéné kowé sumelang? Ngarep-
arepa marang Allah! Awit Panjenengané
bakal dakpuji. Panjenengané kuwi
Allahku lan Juru Slametku!
6 (42-7) Ana ing tanah pembuwangan
kéné atiku sedhih, mulané aku
ngangen-angen marang Allah. Paduka
ndhatengaken kasisahan lan sangsara
dhateng kawula, kados grojogan ingkang
kalayan gemuruh anjog ing Lèpèn
Yardèn, saking Gunung Hèrmon lan
Gunung Mizar.
7 (42-8) (42:6)
8 (42-9) Ing wayah awan Allah
ngetingalaké sih-kamirahané, mula
ing wayah bengi aku bisa memuji, lan
nyaosaké pandonga marang Allah kang
ngreksa uripku.
9 (42-10) Unjukku marang Allah,
pangungsènku, "Menapa sebabipun déné
Paduka nyupèkaken kawula? Ngantos
kawula nandhang sangsara, margi
saking panyia-nyiianipun satru?"

10 (42-11) Balung kawula kados dipun
remuk déning satru, ingkang wicanten
sedinten muput, "Allahmu ana ngendi?"
11 (42-12) Hé nyawaku, yagéné kowé
sedhih? Yagéné kowé sumelang? Ngarep-
arepa marang Allah! Awit Panjenengané
bakal dakpuji. Panjenengané kuwi
Allahku lan Juru Slametku.

43 1 Dhuh Allah, Paduka mugi paring
adil dhateng kawula, mbélanana
prekawis kawula, ingkang layanan
kaliyan bangsa ingkang mboten tepang
kaliyan Paduka! Kawula kauwalna saking
tiyang-tiyang ingkang seneng goroh lan
remen nganiaya.
2 Sebab Paduka menika Allah,
pangungsèn kawula. Kénging menapa
kawula Paduka kipataken? Kénging
menapa kawula kedah nandhang sisah
lan dipun aniaya déning satru-satru
kawula?
3 Paduka mugi ngintunaken pepadhang
lan kaleresan Paduka, supados nuntun
lampah kawula dhateng Sion, redi
Paduka ingkang suci, inggih dhateng
Pedaleman Paduka!
4 Kawula sageda mlebet ing
sangajenging mesbèh Paduka,

sowan dhateng ngarsanipun Allah,
ingkang dados etuking kabingahan
kawula, supados muji sokur dhateng
Paduka kalayan kairing swantening
clempung, dhuh Pangéran, Allah kawula!
5 Yagéné kowé sedhih, hé nyawaku, lan
yagéné atimu sumelang? Ngarep-arepa
marang Allah! Sebab aku arep saos
puji sokur, marang Allahku lan Juru
Slametku!

44 1 Kidung piwulang, anggitané
bani Korakh, kanggo pemimpin
penyanyi. (44-2) Dhuh Allah, kawula
sampun mireng piyambak saking para
leluhur ingkang nyriyosi kawula, bab
kaélokan ingkang Paduka tindakaken ing
jaman kina, jamanipun para leluhur.
2 (44-3) Paduka piyambak nundhungi
para bangsa kapir lan mapanaken umat
kagungan Paduka wonten ing ngriku,
ingkang lajeng dados ngambra-ambra.
Bangsa-bangsa kapir Paduka remuk,
nanging para leluhur Paduka dadosaken
tangkar-tumangkar.
3 (44-4) Pancèn enggènipun ngrebat
negari menika mboten srana pedhang,
inggih mboten mergi kekiyatanipun
piyambak enggènipun sami angsal

kemenangan, nanging mligi mergi
saking pangwasa lan kasektèn Paduka
kémawon, sebab Paduka asih dhateng
para leluhur.
4 (44-5) Paduka, inggih namung Paduka
piyambak menika Raja kawula lan Allah
kawula, ingkang paring kemenangan
dhateng Yakub.
5 (44-6) Mergi saking pitulung Paduka
kawula sami ngrebahaken mengsah,
mergi saking dayaning asma Paduka
enggèn kawula ngiles-iles tiyang-tiyang
menika.
6 (44-7) Awit sanès gendhéwa kawula
ingkang kawula endelaken, sanès
pedhang kawula ingkang ndadosaken
unggul.
7 (44-8) Nanging Paduka piyambak
ingkang nguwalaken kawula saking
mengsah, sarta ingkang damel wirang
dhateng tiyang ingkang sengit dhateng
kawula.
8 (44-9) Krana Allah, kawula
ngluhuraken sedinten muput kagem
Paduka, kawula sami ngucap sokur ing
selaminipun.
9 (44-10) Nanging samenika kawula
Paduka kipataken sarta Paduka

wirangaken, sebab Paduka mboten
nyarengi lampahipun tentara kawula.
10 (44-11) Kawula Paduka damel kawon
wonten ing ngajenging mengsah kawula,
mila tiyang ingkang nyengiti kawula
sami ngrayah kawula.
11 (44-12) Kawula sami Paduka
ulungaken kados déné ménda
sembelèhan, lajeng Paduka tilar pating
slebar ing antawisipun bangsa-bangsa.
12 (44-13) Umat Paduka, Paduka sadé
mirah-mirahan, lan mboten mundhut
bebathèn saking pengaosipun.
13 (44-14) Kawula sami Paduka
dadosaken campahan[h] ing antawisipun
para tangga tepalih kawula. Kawula
sami dipun poyoki lan dipun rèmèhaken
déning tiyang-tiyang ing sakiwa-tengen
kawula.
14 (44-15) Kawula Paduka dadosaken
pocapanipun para umat, ngantos para
bangsa sami ngina kawula kaliyan
gèdhèg-gèdhèg.
15 (44-16) Kanisthan kawula mboten
telas-telas, lan rai kawula ketutupan ing
kwirangan,

---

[h]campahan: hinaan (bhs. Ind.).

16 (44-17) mergi mireng tembungipun
tiyang-tiyang ingkang moyoki lan
ngawon-awon kawula, sarta ingkang
sami sengit dhateng kawula.
17 (44-18) Sedaya wau ngebyuk
dhateng kawula, nanging kawula mboten
kesupèn dhateng Paduka, lan mboten
sélak dhateng prejanjian Paduka.
18 (44-19) Manah kawula mboten
mbrontak, lan lampah kawula mboten
nyimpang saking mergi Paduka.
19 (44-20) Senajan Paduka sampun
négakaken kawula, wonten ing
antawisipun kéwan galak; sarta nilar
kawula ing papan ingkang peteng
ndhedhet.
20 (44-21) Saupami kawula sami supé
ngabekti dhateng Paduka, lan nyembah
dhateng allah sanès,
21 (44-22) menapa inggih Paduka
mboten badhé pirsa? Awit Paduka pirsa
wewadosipun manah kawula.
22 (44-23) Krana saking Paduka
kawula mboten kèndel-kèndel ngalami
bebaya pejah, lan dipun anggep ménda
sembelèhan.

23 (44-24) Dhuh Allah, mugi kersa
jumeneng! Kawula sampun ngantos
kabucal ing selami-laminipun.
24 (44-25) Menapa sebabipun Paduka
ngaling-alingi wedana Paduka, sarta
mboten ènget dhateng kasangsaran
kawula?
25 (44-26) Kawula sami kabanting
wonten ing lebu, badan kawula
gemléthak wonten ing siti.
26 (44-27) Mugi Paduka jumeneng
tumandang mitulungi kawula, sarta
ngluwari kawula awit saking sih-piwelas
Paduka.
45 1 Kidung piwulang, kidung
katresnan anggitané bani Korakh,
kanggo pemimpin penyanyi. Kaya
laguné kidung: Kembang bakung.
(45-2) Tembung kang éndah ngresepaké
mbludag saka ing njeroné atiku,
samangsa aku ngarang kekidungan
kagem Sang Prabu. Kaya piranti nulisé
juru ngarang, iya mengkono ilatku wis
cemepak nganggit nyanyian.
2 (45-3) Panjenengan menika ingkang
bagus piyambak ing antawisipun para
manungsa. Panjenengan menika ahli

wicara, mila binerkahana déning Allah
ing selaminipun.
3 (45-4) Dhuh Sang Prawira, ingkang
agung lan mulya, sumangga ngagem
ageman pedhang panjenengan.
4 (45-5) Mugi miyos murih menang,
mbélani kaleresan, kamanungsan lan
keadilan! Kekiyatan panjenengan badhé
mikantukakaken kamenangan ageng.
5 (45-6) Jemparing panjenengan
landhep-landhep, mesthi badhé nunjem
ing jantungipun mengsah panjenengan.
Bangsa-bangsa badhé sumungkem ing
ngarsa panjenengan.
6 (45-7) Dhampar panjenengan
menika kagunganipun Allah, mesthi
badhé lestantun ing selaminipun, lan
pepréntahan panjenengan menika
wujuding keadilan.
7 (45-8) Panjenengan remen dhateng
kaleresan, pramila mboten remen
dhateng pendamel awon. Gusti Allah,
inggih Allah panjenengan, sampun
netepaken panjenengan mawi lisah,
minangka pretandha enggènipun
paring kabegjan dhateng panjenengan,
ngungkuli raja sanès-sanèsipun.

8 (45-9) Ageman panjenengan sedaya
ngganda aruming blendok mur, gaharu
lan cendhana. Para penyanyi damel
bingahing penggalih panjenengan
wonten ing kedhaton gadhing, kairing
swantening clempung.
9 (45-10) Para putrining raja-raja sami
tumut makempal wonten ing kedhaton
panjenengan, tuwin ing sisih tengené
dhampar panjenengan jumeneng Sang
Pramèswari, ngagem ageman saking
emas murni.
10 (45-11) Dhuh Sang Putri, kula aturi
mirsani lan miyarsakaken, mugi sampun
ngèngeti bangsa lan sanak-sedhèrèk
panjenengan malih.
11 (45-12) Supados Sang Prabu
kesengsem dhateng éndahing sarira
panjenengan, sebab Sang Prabu menika
bendara panjenengan; mila sumuyuda
dhateng panjenenganipun.
12 (45-13) Bangsa Tirus badhé sowan
nyaosaken pisungsung, para tiyang
badhé ngangkah supados pikantuk sih
panjenengan.
13 (45-14) Sang Raja Putri ing kedhaton,
iba éndahipun, pengagemanipun
kasulam benang emas.

14 (45-15) Panjenengané kasowanaké
ing ngarsané Sang Prabu, ngagem
ageman sing disulam mancawarna.
Kadhèrèkaké déning para putri mitra-
mitrané, kang kacawisaké supaya ngiring
panjenengané.
15 (45-16) Kalawan giyak-giyak lan
kabungahan padha diarak mlebu ing
kedhatoné Sang Prabu.
16 (45-17) Dhuh Sang Prabu, para putra
panjenengan lajeng badhé nggentosi
para leluhur panjenengan, badhé sami
panjenengan angkat dados pengageng
wonten ing salumahing bumi.
17 (45-18) Kawula badhé nyuwuraken
asma panjenengan turun-temurun,
mila sakathahing para umat badhé
memuji dhateng panjenengan ing
selami-laminipun.

46 1 Kidung anggitané bani Korakh
kanggo pemimpin penyanyi;
laguné kaya kidungé para putri. (46-2)
Allah iku pangungsèn lan kekuwatan
kita, ketitik saka bangeté enggoné
mitulungi ing mangsa karibedan.
2 (46-3) Mulané kita padha ora wedi,
senajan bumi gonjing, lan gunung padha
jugrug ing dhasaring segara;

3 (46-4) senajan ombaké segara
gemuruh, gawé horegé gunung-gunung.
4 (46-5) Ana kali sing nekakaké
kabungahan marang kuthané Allah,
Pedalemané Kang Mahaluhur.
5 (46-6) Allah ana ing kutha kono, mula
kutha mau ora bakal tumpes; ngarepaké
ésuk mesthi wis dipitulungi.
6 (46-7) Para umat padha gègèr,
kraton-kraton padha moyag-mayig,
Allah nekakaké gludhug, nganti buminé
lebur.
7 (46-8) Allah Kang Mahakwasa nunggil
karo kita, Allahé Yakub iku pangungsèn
kita.
8 (46-9) Padha delengen pakaryané
Allah; waspadakna kaélokan sing
katindakaké ana ing bumi.
9 (46-10) Panjenengané nyirep
peprangan ing salumahing bumi,
gendhéwa-gendhéwa diputungi, tumbak-
tumbak dicoklèki, lan tamèng-tamèng
diobong ing geni.
10 (46-11) Dhawuhé, "Menenga, lan
padha weruha yèn Aku iki Allah! Kang
luhur dhéwé ing antarané bangsa-bangsa
iya luhur dhéwé ana ing bumi."

11 (46-12) Allah Kang Mahakwasa
nunggil karo kita, Allahé Yakub kuwi
pangungsèn kita.
47 1 Masmur anggitané bani Korakh.
Kanggo pemimpin penyanyi.
(47-2) Hé para bangsa kabèh, padha
keplok-keploka; Allah luhurna nganggo
menyanyi sing sora!
2 (47-3) Allah Kang Mahaluhur iku
nggegirisi; Panjenenganè Raja Kang
Mahaagung, sing ngwasani bumi lan
saisiné kabèh.
3 (47-4) Para bangsa padha ditelukaké
marang kita, nganti padha dadi
rèh-rèhan kita.
4 (47-5) Kita wis padha dipilihaké
tanah sing kita enggoni, tanah pusakané
Yakub, kekasihé.
5 (47-6) Allah minggah ing dhamparé,
surak kabungahan lan uniné slomprèt
ngiringaké sumengkané.
6 (47-7) Padha saosa puji sokur marang
Allah, ngidungna kidung pamuji marang
Raja kita!
7 (47-8) Allah kuwi Rajané jagad;
mulané padha saosana puji.

8 (47-9) Allah ngratoni para umat,
Panjenenganė pinarak ing dhamparé
kang suci.
9 (47-10) Para penggedhéné bangsa-
bangsa kabèh padha nglumpuk, padha
dadi umaté Allahé Abraham. Para
prejurit sajagad dadi kagunganė Allah,
pangwasanė ngungkuli pangwasa apa
waé.

48

1 Masmur anggitanė bani Korakh.
(48-2) Allah iku Mahaagung lan
pinuji-puji ana ing kuthané Allah kita,
ing gunungé kang suci.
2 (48-3) Gunungé Sion kang suci
kuwi dhuwur lan éndah lan nekakaké
kabungahan marang salumahé bumi.
Gunung Sion prenahé ing sisih loré
kuthané Sang Prabu Kang Mahaagung.
3 (48-4) Allah nedahaké yèn
Panjenenganė iku bètèng kang
sentosa.
4 (48-5) Para raja padha nglumpuk,
padha maju bebarengan arep nyerang
Gunung Sion.
5 (48-6) Bareng ningali kutha mau
padha gumun, kagèt lan padha mlayu
merga bingung.

6 (48-7) Ana ing kono padha dadi giris,
padha ngrasakaké lara kaya larané wong
wadon sing nglarani.
7 (48-8) Paduka ngremuki baita-baita
saking Tarsis srana prahara saking
Wétan.
8 (48-9) Kaya crita sing tau dakrungu,
iya kaya mengkono uga kang kita
deleng; ana ing negarané Allah, kang
nitahaké langit lan bumi. Ing negarané
Allah kita, Panjenengané sing ngreksa
kutha mau, langgeng selawasé.
9 (48-10) Dhuh Allah, wonten ing
Pedaleman Paduka kawula sami
ngènget-ènget sih-kasetyan Paduka.
10 (48-11) Dhuh Allah, sami kados asma
Paduka, mekaten ugi kesuwur Paduka
kawentar ing pungkasaning bumi, bilih
pangrèh Paduka menika adil!
11 (48-12) Tiyang-tiyang ing Sion
sami bingaha. Putusan Paduka menika
adil. Tiyang-tiyang ing Yéhuda sami
bingah-bingaha.
12 (48-13) Hé umaté Allah, padha
mlakua ngubengi Sion lan ngétunga
menarané.

13 (48-14) Padha sawangen bètèngé,
lan tamatna kedhatoné, supaya kowé
bisa nyritakaké marang anak-putumu,
14 (48-15) "Sanyata Allah kuwi Allah
kita, langgeng selawasé. Panjenenganané
bakal ngirid kita saterusé!"

49

1 Masmur anggitané bani Korakh
kanggo pemimpin penyanyi.
(49-2) Hé sakèhé para bangsa, padha
rungokna! Wong salumahé bumi padha
nilingna!
2 (49-3) Wong cilik lan wong gedhé,
wong sugih lan wong miskin, kabèh
bebarengan padha ngrungokna!
3 (49-4) Aku arep nglairaké
kawicaksanan, sing dakrasak-rasakaké
ing atiku, kuwi kawruh sejati.
4 (49-5) Aku arep migunakaké bebasan,
lan medharaké tegesé karo ngunèkaké
clempung.
5 (49-6) Aku ora sumelang ing dina
karubedan, samasa dikepung déning
para mungsuhku.
6 (49-7) Déning wong-wong sing
ngendelaké kasugihané, sing umuk
merga akèhé bandhané.

7 (49-8) Wong ora bisa mbébasaké
awaké dhéwé, utawa nyaosaké tebusan
marang Allah ijolé nyawané.
8 (49-9) Sebab yèn kena ditebus,
regané luwih déning dhuwur, nganti ora
bakal bisa lunas,
9 (49-10) supayané wong mau urip
selawasé, ora mati-mati.
10 (49-11) Saben wong nyipati yèn
wong wicaksana uga ngalami mati, ora
béda karo wong gemblung lan wong
bodho padha tumpes, barang-darbèké
ditinggalaké marang wong liya.
11 (49-12) Kuburé dadi omahé kanggo
saterusé, sing dienggoni selawas-lawasé,
senajan mauné padha duwé palemahan
akèh.
12 (49-13) Kaluhuurané manungsa
gedhéa kaya apa, ora bisa nylametaké
saka pati; wong mau mesthi ngalami
mati, ora béda karo kéwan.
13 (49-14) Mengkono kedadéané wong
sing ngendelaké marang awaké dhéwé,
mengkono patiné wong sing golèk
kemareman ana ing kasugihan.
14 (49-15) Wekasané bakal ngalami
mati kaya wedhus, lan si Pati bakal dadi
pangoné. Padha mlebu bleng ana ing

kubur; dagingé rusak ana ing donyané
wong mati, sing saterusé dadi papan
padunungané.
15 (49-16) Nanging Allah bakal
ngluwari aku, aku bakal diuwalaké saka
pangwasané pati.
16 (49-17) Aja gumun yèn ana wong
dadi sugih, lan brayaté saya tambah
mukti.
17 (49-18) Sebab samasa mati,
bandhané ora digawa menyang kuburan.
18 (49-19) Senajan sasuwéné urip
rumangsa begja, sarta dialem merga
anggoné olèh gawé,
19 (49-20) éwasemono dhèwèké bakal
awor karo para leluhuré ana ing jagadé
wong mati, sing peteng lelimengan ing
selawasé.
20 (49-21) Kaluhurané manungsa ora
bakal bisa nylametaké awaké dhéwé
saka ing pati; wong mau bakal mati ora
béda karo kéwan!

50 1 Masmur anggitané Asaf.
Pangéran, Allah Kang Mahakwasa
ngandika, nimbali wong salumahing
bumi saka Wétan tekan Kulon.

2 Saka Sion, kutha kang sampurna
kaéndahané, Allah miyos ngagem
kamulyan.
3 Allah kita miyos, ora mung kèndel
waé; ing ngarsané ana geni kang
ngalad-alad, lan wingkingé ana prahara
gedhé.
4 Panjenenganė nimbali langit lan bumi
dadi seksi, enggoné arep ngadili umaté.
5 Pangandikané, "Klumpukna mréné
umat kagungan-Ku kang Dakkasihi, sing
gawé prejanjian karo Aku srana kurban
sembelèhan."
6 Nuli sakèhé langit padha nerangaké
bab keadilané Allah, merga Allah
piyambak jumeneng Hakim.
7 "Hé para umat-Ku, padha ngrungokna,
Aku arep ngandika. Hé Israèl, Aku arep
ngandhakaké marang kowé: Aku iki
Allah, Allahmu!
8 Ora merga kurbanmu kowé
Dakwelèhaké, awit kurban obonganmu
isih tetep koksaosaké marang Aku.
9 Éwasemono Aku ora mundhut sapi
saka omahmu, utawa wedhus bérok
saka kandhangmu.

10 Awit sakèhé kéwan ing alas kuwi
kagungan-Ku, semono uga kéwan ing
gunung sing éwon cacahé.
11 Aku wanuh karo sakèhé manuk ing
awang-awang, lan sing urip ana ing
ara-ara kuwi dadi rèh-rèhan-Ku.
12 Saupama Aku kerapan[i] mesthi ora
susah awèh weruh marang kowé, sebab
donya lan saisiné iki kagungan-Ku.
13 Apa Aku dhahar dagingé sapi lanang,
utawa ngunjuk getihé wedhus lanang?
14 Kowé padha saosa sokur minangka
kurban marang Allah, lan luwarana
punagimu marang Kang Mahaluhur.
15 Ing mangsa karubedan padha
nyenyuwuna marang Aku, Aku bakal
nguwalaké kowé lan kowé bakal
ngluhuraké asma-Ku."
16 Nanging Allah ngandika marang
wong ala, "Kokwani-wanimu ngucapaké
dhawuh-dhawuh-Ku? Apa gunané kowé
ngrembug prejanjian-Ku?
17 Mangka kowé gething marang
pamelèh-Ku, lan nyingkur marang
pangandika-Ku?

---

[i]kerapan: tembungipun limrah: keluwèn (luwé).

18 Yèn kowé weruh wong nyolong, kowé
banjur kèlu, kowé srawung karo wong
laku jina.
19 Cangkemmu kokuja ngucapaké piala,
lan ilatmu seneng goroh.
20 Kowé tegel nyatur sedulur-
sedulurmu, lan ngala-ala marang
wong-wong mau.
21 Kaya mengkono kuwi penggawému,
mangka kowé Dakkèndelaké waé,
mulané pandugamu Aku iki padha karo
kowé. Nanging saiki kowé Dakwelèhaké,
lan prekarané Dakblakakaké marang
kowé.
22 Sing mengkono mau lebokna ing
atimu, hèh wong kang nyingkur marang
Allah, supaya kowé ora Daktumpes, lan
ora ana sing bakal bisa ngluwari kowé.
23 Wong sing nyaosaké kurban pamuji
kuwi ngluhuraké marang Aku. Wong sing
lakuné jujur bakal Daktedahi dalaning
keslametan paparingé Allah."

51

1 Masmur anggitané Dawud.
Kanggo pemimpin penyanyi,
(51-2) sapungkuré Nabi Natan sowan
melèhaké Sang Prabu bab enggoné
jina karo Batsyéba. (51-3) Dhuh Allah,
kawula mugi Paduka welasi, awit

saking sih-kadarman Paduka. Mugi
kersa nglebur dosa kawula, awit saking
agenging sih-kadarman Paduka.
2 (51-4) Kalepatan kawula sedaya mugi
Paduka singkiraken, dosa-dosa kawula
mugi Paduka lebur sedaya.
3 (51-5) Margi kawula piyambak
sampun ngrumaosi ing panerak kawula,
lan kawula tansah ngudi ngawonaken
dosa kawula.
4 (51-6) Enggèn kawula damel dosa
menika dhumateng Paduka, inggih
dhumateng Paduka piyambak; kawula
nglampahi ingkang awon ing paningal
Paduka. Putusan Paduka menika pancèn
leres lan paukuman Paduka menika mila
adil.
5 (51-7) Wiwit lair mila kawula sampun
awon; wiwit wonten ing wetenganing
biyung kawula, kawula sampun
nandhang dosa.
6 (51-8) Saèstu ingkang Paduka
kersakaken menika katemenan ingkang
terus ing batos, lan Paduka paring
seserepan dhateng kawula ing salebeting
manah.
7 (51-9) Kawula mugi Paduka resiki
saking jejembering dosa kawula srana

hisop, mugi Paduka edusi supados dados
pethak nglangkungi salju.
8 (51-10) Kawula mugi Paduka
dadosaken bingah suka-rena, supados
balung ingkang sampun Paduka remuk
menika sami saged suka-suka malih.
9 (51-11) Paduka mugi ngaling-alingi
wedana Paduka, sampun ngantos
mirsani dosa kawula; piawon kawula
mugi Paduka lebur sedaya.
10 (51-12) Dhuh Allah, mugi kersa
nitahaken manah ingkang suci wonten
ing kawula, saha batos kawula mugi
Paduka énggalaken srana kaparingan
roh ingkang mantep.
11 (51-13) Kawula sampun ngantos
katampik saking ngarsa Paduka, saha
Roh Suci Paduka sampun ngantos
kapundhut saking kawula.
12 (51-14) Kawula mugi kaparingana
kabingahan malih, margi saking sih-
pitulung Paduka, sarta kaparingana roh
ingkang tansah mbangun-turut dhateng
dhawuh Paduka.
13 (51-15) Temahan kawula badhé
mulangaken dhawuh Paduka dhateng
tiyang ingkang sami lampah nasar,

supados tiyang dosa sami mratobat
dhateng Paduka.
14 (51-16) Dhuh Allah, mugi kersa
mitulungi kawula, temah kawula badhé
ngluhuraken keadilan Paduka.
15 (51-17) Dhuh Allah, Paduka mugi
kersa mbikak lambé kawula, supados
kawula saged ngidungaken asma
Paduka.
16 (51-18) Déné Paduka mboten kersa
nampi kurban sembelèhan; saupami
kawula caosi kurban obongan, Paduka
inggih mboten nampi.
17 (51-19) Kurban ingkang katrimah ing
Allah menika roh ingkang remuk. Manah
ingkang ajur mumur, dhuh Allah, menika
Paduka mboten nampik.
18 (51-20) Mugi Paduka damel saé
dhateng Sion, manut ing sakeparenging
kersa Paduka. Bètèngipun Yérusalèm
mugi Paduka bangun malih.
19 (51-21) Tumunten Paduka badhé
nampèni kalayan renaning penggalih
kurban panebusing dosa, saha kurban
obongan lan kurban wetahan. Tiyang
badhé nyaosaken lembu minangka
kurban wonten ing mesbèh Paduka.

52 1 Kidung isi piwulang, anggitané
Dawud, kanggo marang pemimpin
penyanyi, (52-2) nalika Doèg, wong
Édom teka, ngaturi pirsa marang Saul,
yèn Dawud ana ing omahé Akhimèlèkh.
(52-3) Hé satriya, yagéné kowé
kokgemunggung, ngumukaké pialamu,
marang wong sing dikasihi Allah tanpa
wangenan.
2 (52-4) Hé wong sing ora jujur.
Kowé mung ngenam-enam nindakaké
pangrusak. Ilatmu presasat péso
panyukuran sing landhep.
3 (52-5) Kowé dhemen marang piala,
ngluwihi marang kabecikan, kowé
seneng ngucapaké goroh ketimbang
karo prekara sing nyata.
4 (52-6) Kowé seneng ngucapaké
tembung pitenah, hé ilat kang cidra!
5 (52-7) Nanging kowé bakal ora
kendhat-kendhat digempur déning Allah,
bakal dicekel lan dilarak saka omahmu,
lan dibedhol saka donyané wong urip.
6 (52-8) Wong mursid bakal padha
weruh, mula gemeter, nuli padha
digeguyu, pangucapé,
7 (52-9) "Delengen, mengkono
kedadéané wong sing ora precaya

marang Allah, lan mung ngendelaké
kasugihané, sarta marang kekuwatané
ngrusak."
8 (52-10) Nanging mungguh aku iki
bakal ana ing pedalemané Allah, kaya wit
zaitun sing ngrembuyung seger riyo-riyo.
Aku ngendelaké marang sih-kasetyané
Allah sing langgeng selawasé.
9 (52-11) Kawula badhé saos puji
sokur dhateng Paduka selami-laminipun,
tumrap samukawis ingkang Paduka
tindakaken. Wonten ing tengahipun
umat kagungan Paduka kawula badhé
nyariyosaken kesaénan Paduka.

53 1 Kidung isi piwulang, anggitané
Dawud kanggo pemimpin
penyanyi, dibarengi swaraning suling.
Nganggo lagu: Mahalat. (53-2) Wong
tanpa budi kandha ing sajroning atiné,
"Allah kuwi ora ana!" Kabèh wis padha
rusak pikiré, ora ana sing nglakoni
kabecikan.
2 (53-3) Allah mirsani saka swarga
marang para manungsa, apa ana sing
duwé budi lan nggolèki Allah.
3 (53-4) Kabèh wis padha nasar, kabèh
wis padha nindakaké piala; ora ana sing
gawé becik, siji waé ora ana.

4 (53-5) Pangandikané Allah, "Apa
wong-wong sing padha nglakoni piala
kuwi ora duwé pangrasa? Uripé saka
ngrampogi umat-Ku, lan ora tau padha
ngunjukaké pandonga marang Aku!"
5 (53-6) Lah wong-wong mau bakal
padha ketaman pagiris gedhé, senajan
ora ana prekara sing nggegirisi.
Sebab balungé wong-wong sing padha
ngepung marang kowé bakal disawuraké
saenggon-enggon déning Allah. Wong-
wong kuwi bakal kokwirangaké, merga
wis padha katampik déning Allah.
6 (53-7) Pangentasané Israèl muga-
muga teka saka Gunung Sion. Saiba
bungahé umat Israèl, samasa Allah wis
mulihaké karahayoné.

54 1 Kidung isi piwulang anggitané
Dawud kanggo pemimpin
penyanyi, dibarengi uniné kecapi. (54-2)
Nalika wong Zifi sowan marang Saul,
ngaturi pirsa yèn, "Dawud ndhelik ing
panggonané wong mau." (54-3) Dhuh
Allah, mugi mitulungi kawula srana
pangwaos Paduka. Mugi paring kaleresan
dhateng kawula srana kasektèn Paduka.

2 (54-4) Dhuh Allah, mugi miyarsakaken Pandonga kawula, sarta nilingaken atur kawula!
3 (54-5) Sebab satru kawula ingkang angkuh sami nglawan kawula; tiyang ingkang ambek siya sami ngangkah mejahi kawula, menika tiyang-tiyang ingkang mboten maèlu dhateng Allah.
4 (54-6) Satemené Allah kang mitulungi aku; Panjenengané kang ngemong aku.
5 (54-7) Mungsuhku bakal diwales srana pialané dhéwé. Mugi sami Paduka tumpes, mergi Paduka menika Allah ingkang setya.
6 (54-8) Kawula lajeng badhé nyaosaken kurban konjuk dhateng Paduka kalayan bingahing manah, sarta memuji dhumateng asma Paduka, awit saking kasaénan Paduka.
7 (54-9) Sebab Paduka sampun ngluwari kawula saking sakathahing karibedan, lan mripat kawula sampun ningali mengsah kawula kakawonaken.

55 1 Kidung isi piwulang anggitané Dawud kanggo pemimpin penyanyi, dibarengi uniné kecapi. (55-2) Dhuh Allah, mugi kersa miyarsakaken

pandonga kawula, sampun nganggep
sepen pesambat kawula.
2 (55-3) Paduka mugi nilingaken sarta
paring wangsulan! Kawula nglembara
kaliyan sesambat.
3 (55-4) Sebab kawula giris margi
saking pangancaming mengsah ingkang
ambek siya, lan panindhesipun tiyang
awon.
4 (55-5) Manah kawula trataban,
pagirising pejah ndhatengi kawula.
5 (55-6) Kawula ajrih lan geter, kabuntel
ing raos miris.
6 (55-7) Ngantos kawula mungel
mekaten, "Saupama aku duwé swiwi
kaya manuk dara, aku mesthi mabur
menyang panggonan sing tentrem.
7 (55-8) Aku mesthi nyingkir adoh lan
nginep ing ara-ara samun.
8 (55-9) Aku bakal énggal golèk papan
pangungsèn ngoncati lésus lan prahara."
9 (55-10) Dhuh Allah, tiyang-tiyang
menika, mugi Paduka damel bingung
piyambak, rembagipun mugi Paduka
damel sulaya, mergi kawula sumerep
bilih ing kitha wonten pangrodha-peksa
lan tukar paben.

10 (55-11) Rinten dalu sami ngawontenaken pejagèn ing bètèngipun, lan ing nglebetipun wonten usrek-usrekan lan panyiksa.
11 (55-12) Ing pundi-pundi wonten pangrisak, samergi-mergi wonten panganiaya lan tembung goroh.
12 (55-13) Saupami mengsah ingkang ngawon-awon kawula, mesthi kawula sabaraken. Saupami mengsah kawula ingkang nantang dhateng kawula, kawula mesthi taksih saged umpetan.
13 (55-14) Nanging sing nglakoni mengkono mau kowé sing cedhak karo aku, kancaku lan wong sing dakprecaya.
14 (55-15) Iya sing bebarengan karo aku samasa sowan, ing Pedalemané Allah awor karo wong akèh.
15 (55-16) Muga-muga padha mati sadurungé tekan mangsané, padha dipendhema urip-uripan! Sebab ing omahé lan ing batiné, padha kadunungan piala werna-werna.
16 (55-17) Nanging mungguh aku, aku nyenyuwun marang Allah, nuli Panjenenganè bakal mitulungi aku.

17 (55-18) Wayaha soré, ésuk utawa
awan, samasa aku sesambat, Allah bakal
miyarsakaké swaraku.
18 (55-19) Allah ngluwari aku, lan
aku kaparingan tentrem, dadiné aku
ora nganti diremuk déning mungsuh,
senajan cacahé sing nglawan aku akèh
banget.
19 (55-20) Allah sing wiwit jaman
kuna mula pinarak ing dhamparé,
miyarsakaké pesambatku lan ngalahaké
para mungsuhku. Sebab padha ora
kena diarep-arep tobaté, lan padha ora
ngabekti marang Allah.
20 (55-21) Kuwi wong sing padha
nyidrani mitrané, lan nerak prejanjiné.
21 (55-22) Rembugé kepénak ngungkuli
lunyuné mertéga, nanging atiné arep
nyerang. Tembungé alus kaya lenga,
nanging kabèh mau satemené pedhang
ligan.
22 (55-23) Apa sing koksumelangaké
pasrahna marang Allah, kowé bakal
digumatosi! Ora ing selawasé wong
mursid ditégakaké gloyoran.
23 (55-24) Nanging dhuh Allah,
menggah tiyang awon menika badhé
Paduka jorogaken dhateng luwenging

karisakan. Tiyang ingkang ngwutahaken
rah lan seneng goroh, menika umuripun
mboten badhé dumugi sepalih. Nanging
menggah kawula menika pitados
dhateng Paduka!

56 1 Miktam anggitané Dawud
ing nalikané dicekel déning
wong Filistin ana ing Gat, kanggo
para pemimpin penyanyi; laguné kaya
kidung: Manuk dara ing wit élah kang
adoh. (56-2) Dhuh Allah, kawula mugi
Paduka welasi, sebab kawula dipun
serang déning mengsah.
2 (56-3) Sedinten muput kawula dipun
oyak-oyak; kathah ingkang nglawan
kalayan angkuh.
3 (56-4) Samasa ajrih, kawula pitados
dhateng Paduka.
4 (56-5) Aku precaya marang Allah, aku
precaya marang janjiné. Aku kumandel
marang Allah, mulané ora sumelang;
manungsa bisa gawé apa marang aku?
5 (56-6) Saben dinten tembung kawula
dipun srékal; ingkang dipun angen-
angen namung badhé nyilakakaken
kawula.
6 (56-7) Sami sarembag ing
pandhelikan, sami nginjen, sami

ndhedhepi lampah kawula, nedya mejahi
kawula.
7 (56-8) Menapa tiyang-tiyang wau
badhé saged oncat, mergi durakanipun
kathah? Dhuh Allah, bangsa-bangsa
menika mugi Paduka dhawahi paukuman
kalayan bebendu.
8 (56-9) Paduka pirsa sepinten agenging
kasangsaran kawula. Paduka sampun
nyathet luh kawula. Sedaya wau sampun
Paduka serat ing kitab.
9 (56-10) Samasa aku sesambat,
mungsuhku bakal padha mundur, aku
yakin yèn Allah ana ing pihakku.
10 (56-11) Aku precaya marang
Allah, aku precaya marang janjiné.
Aku kumandel marang Allah, mula
takluhuraké.
11 (56-12) Aku kumandel marang Allah,
mulané aku ora sumelang. Manungsa
bisa gawé apa marang aku?
12 (56-13) Dhuh Allah, punagi kawula
dhateng Paduka badhé kawula luwari,
sarta kurban sokur badhé kawula
caosaken.
13 (56-14) Margi Paduka sampun
ngluwari kawula saking pejah, malah
suku kawula sampun Paduka reksa.

Mila kawula mboten kesandhung,
ngantos kawula saged lumampah ing
ngarsanipun Allah, ing salebeting gesang
ngambah mergi ingkang padhang.

57 1 Miktam anggitané Dawud,
nalikané ngungsi ana ing guwa
saka ngarsané Saul, kanggo pemimpin
penyanyi. Kaya laguné kidung: Aja
ngrusak. (57-2) Kawula mugi Paduka
welasi, dhuh Allah, kawula mugi
Paduka welasi, mergi namung Paduka
ingkang dados pangungsèning nyawa
kawula. Kawula badhé ngungsi ing
sangandhaping swiwi Paduka, ngantos
bebaya menika langkung.
2 (57-3) Aku sesambat marang Allah,
Kang Mahaluhur, marang Panjenengané
sing mesthi ngrampungi prekaraku.
3 (57-4) Panjenengané bakal paring
wangsulan saka swarga, lan mitulungi
aku. Wong-wong sing nguya-uya aku
bakal ditumpes. Allah bakal nedhakaké
sih-kadarman lan kasetyané.
4 (57-5) Aku nglumpruk ana ing
tengahé satru-satruku, sing mèmper
karo singa memangsa. Sing untuné
kaya tumbak lan panah, lan ilaté kaya
pedhang landhep.

5 (57-6) Dhuh Allah, Paduka mugi
ngetingalaken kaluhuran Paduka ingkang
ngungkuli sakathahing langit; saha
kamulyan Paduka mugi nyrambahana
ing salumahing bumi.
6 (57-7) Mungsuhku padha masangi
kala-jiret, nganti atiku semplah. Aku
dipasangi luwangan, nanging mungsuhku
mau dhéwé sing kecemplung.
7 (57-8) Dhuh Allah, kawula sampun
pitados saèstu; pramila kawula badhé
memuji lan nglagokaken masmur.
8 (57-9) Hé nyawaku, tangia! Hé slukat
lan clempung tangia! Aku arep nggugah
bambang-wétan supaya tangi!
9 (57-10) Dhuh Pangéran, kawula
badhé saos sokur dhateng Paduka ing
tengahing para bangsa. Kawula badhé
memuji, wonten ing tengahing para
umat.
10 (57-11) Awit sih-kadarman Paduka
menika sundhul ing langit, lan keadilan
Paduka menika sundhul ing méga.
11 (57-12) Paduka mugi ngetingalaken
kaluhuran Paduka ingkang ngungkuli
sakathahing langit, lan kamulyan Paduka
mugi nyrambahana salumahing bumi.

58 1 Miktam anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi. Kaya
laguné kidung: Aja ngrusak. (58-2) Hé
para pangwasa, apa putusanmu kuwi
wis adil temenan? Apa enggonmu ngadili
kanthi jujur?
2 (58-3) Ora, kowé mung mikir
enggonmu arep gawé piala. Kowé mung
mikir patrapmu arep ngrampog negara.
3 (58-4) Wong ala sajegé urip gawé
piala, wong cidra padha nyasar wiwit ana
ing wetengané biyungé.
4 (58-5) Padha nggémbol wisa kaya
ula; kupingé padha dibumpeti kaya ula
bedhudhak sing budheg,
5 (58-6) supaya aja nganti krungu
swarané wong sing njapani utawa
swarané wong sing pinter ngunèkaké
rapal.
6 (58-7) Dhuh Allah, untunipun tiyang
menika sami rampala, bamipun singa
nèm mugi Paduka pupaki.
7 (58-8) Sami sirnaa kados toya ingkang
mili, lajeng asat! Dadosa kados rumput
ingkang alum wonten ing margi!
8 (58-9) Dadosa kados bekicot ingkang
sirna salebeting mlampah, kados laré
kluron ingkang medal sampun pejah.

9 (58-10) Sadèrèngipun ngertos sami
kababata kados rerungkudan. Wong-
wong mau bakal disebul déning Allah
sajroning dukané, nganti sirna kabèh.
10 (58-11) Wong mursid bakal bungah,
samasa ndeleng pemales sing mengkono
mau, sarta wijik sikil nganggo getihé
wong duraka.
11 (58-12) Wong-wong bakal ngucap
mengkéné, "Jebulé wong mursid kuwi
nampa ganjaran; satemené Allah kang
nindakaké keadilan ing bumi."

59

1 Miktam anggitané Dawud ing
nalikané ditekani utusané Saul
arep disédani, kanggo pemimpiné
penyanyi. Kaya laguné kidung: Aja
ngrusak. (59-2) Dhuh Allah, kawula
mugi Paduka uwalaken saking mengsah
kawula; mugi Paduka bètèngi ngadhepi
tiyang-tiyang ingkang sami nglawan
kawula.
2 (59-3) Kawula kauwalna saking
tiyang awon, tiyang ingkang remen
ngwutahaken rah.
3 (59-4) Sebab tiyang menika sami
ndingkik, ngangkah mejahi kawula.
Tiyang-tiyang gagah-prakosa sami
kangsèn nglawan kawula, senajan

kawula mboten gadhah kalepatan utawi
damel dosa, dhuh Allah.
4 (59-5) Senajan mboten pinanggih
piawon kawula, badhé sami ngebyuki
kawula, lan sami mapan siyaga.
5 (59-6) Paduka mugi jumeneng, dhuh
Allah Ingkang Mahakwaos, Allahipun
langit lan bumi. Paduka mugi jumeneng
ngukum tiyang-tiyang, ingkang mboten
sami wanuh kaliyan Paduka menika.
Tiyang-tiyang goroh ingkang nglampahi
piawon menika, sampun ngantos wonten
ingkang Paduka welasi.
6 (59-7) Saben wanci sonten sami
dhateng malih, lajeng sami mbaung
kados segawon nglinteri negari.
7 (59-8) Cangkemipun ngawon-
awon, lambénipun memoyok, awit
pengraosipun, "Sapa sing krungu?"
8 (59-9) Nanging dhuh Allah, Paduka
nggegujeng tiyang-tiyang menika;
tiyang-tiyang ingkang mboten wanuh
kaliyan Paduka menika mesthi Paduka
rèmèhaken.
9 (59-10) Dhuh Allah, ingkang dados
kekiyatan kawula, Paduka ingkang
kawula antos-antos, mergi Allah menika
bètèng kawula ingkang sentosa.

10 (59-11) Allah kawula ingkang
asih-setya mugi rawuh methuk kawula;
kawula mugi Paduka paringi saged
nyipati mengsah kawula kakawonaken.
11 (59-12) Mugi sampun Paduka pejahi,
supados bangsa kawula sampun ngantos
supé. Sami kadadosna buyar déning
pangwasa Paduka, lan sami karebahna
dhuh Allah, tetamèng kawula.
12 (59-13) Mengsah sami damel dosa
srana lambénipun, sedaya tembungipun
menika dosa. Sami kejireta srana
piangkuhipun piyambak, sami ketamana
ipat-ipat lan goroh ingkang dipun
ucapaken piyambak.
13 (59-14) Sami katumpesa srana
paukuman, katumpesa ngantos
tapis. Sami kasumerepna, bilih Allah
nindakaken pangwaosipun wonten ing
Israèl, sarta pepréntahan Paduka menika
nyrambahi salumahing bumi.
14 (59-15) Saben wanci sonten
tiyangipun sami wangsul malih; lajeng
sami mbaung kados pambaungipun
segawon nglinteri negari.
15 (59-16) Sami nglambrang pados
tedha, menawi mboten tuwuk lajeng
mbaung.

16 (59-17) Nanging kawula badhé
ngidungaken kwasa Paduka, saben
énjing ngluhuraken sih-kadarman
Paduka kalayan bingah. Margi Paduka
dados bètèng kawula ingkang sentosa,
pangungsèn kawula ing masa karibedan.
17 (59-18) Paduka badhé kawula puji
srana masmur, mergi Allah dados bètèng
kawula ingkang sentosa, Allah kawula
ingkang asih-mirma.

60

1 Miktam kang isi piwulang,
anggitané Dawud, sawisé perang
karo bangsa Aram ing Aram-Naharayim
lan ing Aram-Zobah. (60-2) Bali saka
peprangan mau Yoab, sénapatiné
Dawud, ngremuk bangsa Édom ana ing
Lebak Asin lan matèni mungsuh rolas
èwu. Kaya laguné kidung: Kembang
Bakung minangka seksi. (60-3) Dhuh
Allah, suwau kawula sampun Paduka
tampik, sampun Paduka buyaraken
pating slebar. Mergi saking bentèring
duka Paduka, mugi kersa mulihaken
kawula.
2 (60-4) Paduka sampun ngoregaken
bumi, mila sitinipun ngantos bengkah.
Paduka mugi mulihaken bengkahipun
sesampunipun kagonjingaken.

3 (60-5) Paduka sampun damel umat
Paduka ngalami kasangsaran ageng,
kawula sami sempoyongan margi Paduka
ombèni anggur ingkang ngendemi.
4 (60-6) Tiyang ingkang ngabekti
dhateng Paduka, Paduka émutaken,
supados sami saged ngoncati panahing
mengsah.
5 (60-7) Supados para kekasih Paduka
sami oncat, mugi Paduka pitulungi
kalayan pangwasa. Panyuwun kawula
mugi Paduka jurungi!
6 (60-8) Allah wis ngandika ana ing
Pedalemané, "Sawisé unggul Sikèm
bakal Dakpecah-pecah, lan Lebak Sukot
bakal Dakedum-edum marang umat-Ku.
7 (60-9) Giléad kuwi kagungan-Ku,
semono uga Manasyè. Éfraim dadi
makutha-Ku lan Yéhuda jungkating
keprabon-Ku.
8 (60-10) Moab pawisuhan-Ku,
marang Édom trumpahku dakuncalaké,
minangka pratandha yèn Édom uga
kagungan-Ku. Tanah Filistéa uga wis
Daktelukaké."
9 (60-11) Dhuh Allah, sinten ingkang
badhé ngirid kawula mlebet kitha
ingkang dipun bètèngi? Sinten ingkang

badhé nuntun lampah kawula dhateng
tanah Édom?
10 (60-12) Menapa mboten Paduka
piyambak ingkang sampun nampik
kawula, sarta mboten majeng
sesarengan kaliyan tentara kawula?
11 (60-13) Dhuh Allah, mugi paring
pitulungan nglawan dhateng mengsah
kawula, awit pambiyantunipun
manungsa menika tanpa gina.
12 (60-14) Srana pitulungané Allah kita
bakal menang, merga Panjenengané
piyambak kang bakal nelukaké sakèhé
mungsuh kita.
61 1 Anggitané Dawud, kanggo
pemimpin penyanyi, dibarengi
uniné clempung. (61-2) Dhuh Allah,
mugi miyarsakaken pesambat kawula,
pandonga kawula mugi Paduka
tilingaken.
2 (61-3) Kalayan manah ingkang
semplah, tebih saking griya, kawula
ndedonga dhateng Paduka. Paduka mugi
nuntun lampah kawula minggah, ing
redi ingkang ndeder sanget kanggénipun
kawula.

3 (61-4) Paduka menika pangungsèn
kawula, menara kawula ingkang sentosa,
ing salebeting ngadhepi mengsah.
4 (61-5) Kawula mugi Paduka
parengaken wonten ing Pedaleman
Paduka selaminipun, sarta ngungsi
wonten ing sangandhaping swiwi
Paduka.
5 (61-6) Paduka sampun miyarsakaken
punagi kawula, dhuh Allah! Kawula
sampun Paduka paringi pandumanipun
tiyang ingkang ngabekti dhateng Paduka.
6 (61-7) Paduka mugi mewahi
yuswanipun Sang Prabu, lestantuna
sugengipun ing selaminipun.
7 (61-8) Pepréntahanipun mugi manut
sapangrèh Paduka, kareksaa déning
sih-kadarman lan kasetyan Paduka.
8 (61-9) Mila kawula badhé memuji
srana masmur dhumateng asma Paduka
ing selaminipun, sarta saben dinten
ngluwari punagi kawula.

62 1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi.
Laguné kaya laguné kidung: Yedhutun.
(62-2) Aku ngarep-arep kanthi
sabar marang pitulungané Allah;

mung Panjenengané piyambak sing
dakendelaké.
2 (62-3) Sanyatané mung Panjenengané
piyambak kang ngayomi aku lan
nylametaké nyawaku. Panjenengané
dadi pangungsènku, aku mesthi ora
bakal keseser.
3 (62-4) Nganti pira lawasé enggonmu
arep ngroyok wong siji, sing kekuwatané
ora ngluwihi pager dhoyong?
4 (62-5) Karepmu mung arep nglèngsèr
wong saka kalungguhané sing dhuwur.
Kowé padha seneng goroh, cangkemmu
padha mujèkaké berkah, nanging ing
batin kowé ngipat-ipati.
5 (62-6) Mung yèn nunggil karo Allah
atiku tentrem, awit mung Panjenengané
piyambak kang dakendelaké.
6 (62-7) Mung Panjenengané piyambak
kang ngayomi aku lan nylametaké
nyawaku. Panjenengané dadi
pangungsènku, aku mesthi ora
bakal keplayu.
7 (62-8) Allah dadi etuké keslametanku
lan kamulyanku, etuking kekuwatanku
lan pangungsènku.
8 (62-9) Hé bangsaku, padha precayaa
marang Allah ing selawasé, isining atimu

sokna kabèh ing ngarsané; Allah dadi
papan pangungsèn kita.
9 (62-10) Manungsa iku sanyatané
mung presasat abab; wong gedhé wong
cilik kabèh ora ana ajiné. Timbangen lan
bakal ketitik, yèn ora ana boboté.
10 (62-11) Aja ngendelaké karosan, lan
aja ngumukaké barang rayahan. Yèn
barang-darbèkmu mundhak akèh, aja
nganti atimu kelèt ana ing kono.
11 (62-12) Aku krungu Allah bola-
bali ngandika, yèn pangwasa kuwi
pinangkané saka Panjenengané.
12 (62-13) Dhuh Pangéran, ugi sih-
kadarman, menika Paduka ingkang
kagungan. Sebab Paduka males dhateng
angger tiyang manut pendamelipun.

63 1 Kidung anggitané Dawud nalika
ana ing ara-ara samun Yéhuda.
(63-2) Dhuh Allah, Paduka menika Allah
kawula. Kawula kangen dhateng Paduka,
nyawa kawula ngelak dhateng Paduka,
badan kawula ngorong dhateng Paduka,
kados siti ingkang garing mboten angsal
toya.
2 (63-3) Kados mekaten anggèn kawula
nyawang dhateng Paduka wonten ing

Pedalemanipun Allah, kanthi ningali
pangwasa lan kamulyan Paduka.
3 (63-4) Déné sih-kadarman Paduka
menika ngungkuli kanikmataning
gesang; pramila lambé kawula badhé
memuji Paduka.
4 (63-5) Kados mekaten kawula badhé
ngluhuraken Paduka selami kawula
gesang, sarta ngangkat tangan kawula
ndedonga dhateng Paduka.
5 (63-6) Nyawa kawula katuwukaken,
kados menawi nedha sungsum lan gajih,
kawula badhé ngucap sokur kalayan
swanten sora, memuji dhateng Paduka.
6 (63-7) Samasa kawula ènget dhateng
Paduka wonten ing patileman, ngantos
sedalu muput kawula ngémut-émut
Paduka.
7 (63-8) Mergi Paduka ingkang
mitulungi kawula, pramila kawula saged
bingah-bingah wonten ing ayomaning
swiwi Paduka.
8 (63-9) Nyawa kawula rumaket
dhateng Paduka, saha asta tengen
Paduka nyanggi kawula.
9 (63-10) Nanging tiyang ingkang nedya
mejahi kawula, sami badhé ngalami
pejah lan dhawah ing telenging bumi.

10 (63-11) Badhé dados pakaning
pedhang, lan mangsané segawon ajag.
11 (63-12) Nanging Sang Prabu badhé
bingah-bingah margi saking Allah; lan
saben tiyang ingkang supaos demi Allah,
badhé ngluhuraken Panjenenganipun,
margi sakathahing tiyang dosa badhé
sami dipun bungkem cangkemipun.

64 1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi. (64-
2) Dhuh Allah, mugi kersa miyarsakaken
pesambat kawula, kawula kaluwarana
saking satru ingkang ambek siya.
2 (64-3) Kawula mugi Paduka aling-
alingi lan kauwalna saking golonganipun
tiyang awon, sarta pangamukipun tiyang
duraka.
3 (64-4) Ilatipun dipun asah kados
pedhang ingkang landhep, lan
ngucapaken tembung ingkang
nyakitaken manah kados landheping
panah,
4 (64-5) katujokaken dhateng tiyang
mursid saking pandhelikanipun, tanpa
welas.
5 (64-6) Sami nékad badhé nindakaken
piawon, sarta masang kala-jiret ing

pandhelikan; pangucapipun, "Sapa sing
bakal weruh?"
6 (64-7) Sami ngrancang damel piawon,
kalayan mungel, "Aku wis padha siap,
rancanganė wis rampung." Iba lebetipun
batos lan pikiranipun manungsa.
7 (64-8) Nanging nuli padha dipanah
déning Allah, sanalika padha ketaton.
8 (64-9) Lan ditumpes déning Allah
merga tembungé wong mau dhéwé;
saben wong sing weruh padha
gèdhèg-gèdhèg.
9 (64-10) Mulané wong kabèh padha
wedi, sarta nyritakaké pakaryané Allah
karo dirasak-rasakaké.
10 (64-11) Wong mursid padha seneng
karo pangrèhé Allah, lan padha ngungsi
marang Panjenenganė; wong sing temen
atiné bakal padha ngluhuraké.

65 1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi. (65-
2) Dhuh Allah, sampun samesthinipun
Paduka kasaosan puji sokur wonten
ing Sion, tiyang ingkang sami ngluwari
punagi inggih konjuk dhateng Paduka.
2 (65-3) Awit Paduka Allah ingkang
njurungi ing pandonga ingkang
kaunjukaken. Tiyang saking pundi-pundi

sami badhé sowan ing ngarsa Paduka,
mergi saking dosanipun.
3 (65-4) Menawi panerak kawula
ngungkuli kekiyatan kawula, Paduka
ingkang nglebur.
4 (65-5) Begja tiyang ingkang Paduka
pilih, lan ingkang Paduka timbali supados
nyelak, sarta manggèn ing platarané
Dalem Paduka! Kawula sami katuwukana
kanikmataning Pedaleman Paduka,
inggih kasucèné kedhaton Paduka.
5 (65-6) Dhuh Allah, Juru Wilujeng
kawula, andel-andelipun tiyang
salumahing bumi. Élok lan nggegirisi
anggèn Paduka njurungi panyuwun
kawula, kalayan nandukaken keadilan.
6 (65-7) Redi-redi Paduka papanaken
ing panggènanipun srana kasektèn
Paduka, sami ngetingalaken agenging
pangwaos Paduka.
7 (65-8) Paduka ngèndelaken
jumeguring seganten, inggih gemuruhing
ombakipun, sarta gorèhipun bangsa-
bangsa!
8 (65-9) Mila tiyang ingkang
panggènanipun tebih piyambak
sami ajrih dhateng kaélokan-kaélokan
Paduka. Margi saking kaélokan-kaélokan

Paduka tiyang sami surak-surak kalayan
sora, saking pojoking bumi sisih Wétan
ngantos dumugi ingkang sisih Kilèn.
9 (65-10) Paduka menggalih dhateng
kawontenanipun siti srana Paduka
kintuni jawah, ngantos lubèr lan
dados loh. Lèpènipun Paduka kebaki
toya, sitinipun Paduka paringi ngantos
ngedalaken gandum. Mekaten enggèn
Paduka cecawis samukawis sedaya.
10 (65-11) Siti ingkang kaambah luku
Paduka paringi jawah, prongkolanipun
siti wau Paduka leb ing toya. ngantos
sitinipun gembur; tanemanipun Paduka
berkahi.
11 (65-12) Saben taun Paduka ganjar
panèn ingkang saé. Panggènan ingkang
Paduka rawuhi ngalami kalubèran.
12 (65-13) Siti-siti ing ara-ara
samun kebak pepanthan ménda,
ing pèrènganipun kepireng swara
surak-surak.
13 (65-14) Sakathahing panggènan
kebak ménda gèmbèl lan ménda bérok,
lebak-lebak sami ketutupan ing gandum.
Sedaya wradin sami bingah giyak-giyak
kanthi memuji.

66 1 Kidung masmur kanggo
pemimpin penyanyi. Hé salumahé
bumi, padha surak-suraka ngluhuraké
Allah!
2 Kaluhuraning asmané padha pujinen
nganggo nyanyian, kidungna nganggo
lelagon.
3 Munjuka marang Allah, "Sedaya
pakaryan Paduka menika nggegirisi!
Awit saking agenging pangwaos Paduka;
mengsah Paduka sami kepeksa teluk.
4 Salumahing bumi sami nyembah sujud
dhateng Paduka, lan sami ngidungaken
masmur konjuk dhateng Paduka."
5 Mrénéa, delengen pakaryané Allah,
iba olèhé nggegirisi tumindaké marang
manungsa!
6 Segara diwalik dadi dharatan, lan
wong-wong padha nyabrang kali karo
mlaku. Mulané kita padha bungah merga
Panjenengané.
7 Pangrèhé kalawan kasektèn langgeng
ing selawasé; tingalé ngulataké para
bangsa, supaya para wong mbaléla aja
nganti ngegungaké awaké.
8 Hé para bangsa, padha saosa puji
marang Allah kita, kaluhurané padha
wartakna kanthi sora!

9 Allah iku kang nylametaké nyawa kita,
lan ora négakaké kita nganti tiba.
10 Dhuh Allah, kawula sampun naté
Paduka uji, sampun naté Paduka damel
murni kados slaka.
11 Kawula naté Paduka lebetaken ing
jaring, lan bangkèkan kawula Paduka
bandhuli.
12 Paduka négakaken sirah kawula
dipun langkahi tiyang, malah naté
kawula mlebet ing latu lan toya. Nanging
Paduka ngentas kawula, ngantos kawula
luwar.
13 Kawula badhé sowan, mlebet ing
Pedaleman Paduka, nyaosaken kurban
obongan sarta ngluwari punagi kawula
konjuk dhateng Paduka,
14 ingkang kawula ucapaken nalika
saweg ngalami reribed.
15 Kawula badhé nyaosaken kurban
obongan dhateng Paduka, rupi kéwan
ingkang lema, inggih ménda gèmbèl
jaler, lembu lan ménda bérok jaler.
16 Hé wong kabèh kang ngabekti marang
Allah, padha majua ngrungokaké;
dakcritani bab kasaénané Pangéran
marang aku.

17 Aku wis sesambat marang
Panjenengané, saiki arep dakpuji
nganggo kekidungan.
18 Menawa ing atiku ana pengangen-
angen marang piala, mesthi panyuwunku
ora dijurungi déning Pangéran.
19 Sanyatané Allah wis miyarsakaké,
sarta wis nilingaké swaraning
pandongaku.
20 Pinujia Allah, déné ora nampik
pandongaku, sarta ora njabel sih-
kadarmané marang aku.

67 1 Kidung masmur kanggo
pemimpin penyanyi, dibarengi
uniné clempung. (67-2) Dhuh Allah,
Paduka mugi paring sih-rahmat, tuwin
mberkahi dhateng kawula.
2 (67-3) Kawula kasunarana
déning cahyaning wedana Paduka.
Supados karahayon peparing Paduka
kasumerepan ing satengahing para
bangsa.
3 (67-4) Dhuh Allah, mugi salumahing
bumi sami ngluhuraken Paduka. Paduka
dipun pepuji déning para bangsa.
4 (67-5) Para umat sami bingaha
kalawan suka-rena, awit bangsa-bangsa
menika Paduka rèh kalayan adil. Sarta

para umat sedaya ing jagad, Paduka
ingkang badhé nuntun lampahipun.
5 (67-6) Dhuh Allah, para bangsa
mugi sami memuji dhumateng Paduka.
Paduka dipun pujia déning para bangsa
sedaya!
6 (67-7) Bumi wis metokaké hasilé,
Pangéran kang jumeneng Allah kita
mberkahi kita.
7 (67-8) Allah mberkahi kita; salumahé
bumi padha ngabektia marang Allah.
68 1 Masmur anggitané Dawud,
kidung kanggo pemimpin
penyanyi. (68-2) Allah jumeneng,
mula mungsuhé padha buyar, wong
sing padha memungsuhan karo
Panjenengané padha keplayu saka ing
ngarsané.
2 (68-3) Kaya kukus kabur ing angin,
kaya malam ajèr ing geni, kaya
mengkono wong ala, padha sirna saka
ngarsané Allah.
3 (68-4) Nanging para wong mursid
padha bungah-bungah, padha giyak-
giyak ing ngarsané Allah, padha bungah
lan suka-rena.
4 (68-5) Padha ngidunga konjuk
marang Allah, pujinen asmané. Dalan

ambah-ambahané ing awang-awang
ratakna! Panjenengané iku kang asmané
kasebut Allah! Padha bungah-bungaha
ana ing ngarsané.
5 (68-6) Ana ing Pedalemané kang suci
Panjenengané dadi ramané bocah lola
lan kang mbélani prekarané para randha.
6 (68-7) Wong nglembara padha
diparingi omah, wong tahanan padha
diluwari, diirid lan nampa kabegjan.
Nanging para pembrontak padha
manggon ing ara-ara samun.
7 (68-8) Dhuh Allah, nalika Paduka
ngirid umat Paduka majeng ing
peprangan, nalika Paduka tindak ing
ara-ara samun,
8 (68-9) bumi gonjing lan langit
ndhawahaken jawah, wonten
ngarsanipun Allah, ingkang rawuh
ing Gunung Sinai.
9 (68-10) Dhuh Allah, Paduka ingkang
ndhatengakeen jawah deres, lan siti
Paduka ingkang cengkar Paduka
segeraken malih.
10 (68-11) Ngantos umat Paduka saged
manggèn ing ngriku, lan Paduka nyekapi
kabetahanipun tiyang kesrakat, margi
saking kesaénan Paduka.

11 (68-12) Pangéran paring dhawuh, lan
kathah tiyang èstri sami martosaken:
12 (68-13) "Para raja lan tentarané
padha keplayu!" Lan wong wadon sing
tunggu omah padha ngedum-edum
rayahané.
13 (68-14) Reca kaya manuk dara
nganggo swiwi slaka, elaré gilap kagawé
saka emas. (Yagéné kowé padha
manggon ing kandhang amor wedhus
ing mangsa perang?)
14 (68-15) Nalika Kang Mahakwasa
mbuyaraké para raja ana ing Gunung
Zalmon. Panjenengané nekakaké salju
ing kana.
15 (68-16) Saiba sentosané Gunung
Basan kuwi, gunung kang akèh pucaké!
16 (68-17) Hé gunung-gunung sing
akèh pucaké, yagéné kowé padha ngina
marang gunung, kang dikersakaké Allah
dadi Pedalemané, lan bakal didalemi ing
selawas-lawasé.
17 (68-18) Kréta-perangé Allahé cacahé
akèh banget, nalika rawuh saka Gunung
Sinai menyang Pedalemané.
18 (68-19) Paduka sampun sumengka
wonten ing ngaluhur, ngasta tiyang
tawanan kathah. Manungsa ingkang

suwau mbrontak sami saos bulu-bekti.
Allah badhé dedalem ing ngriku.
19 (68-20) Pinuji-pujia Pangéran! Saben
dina kersa nyangga momotan kita. Allah
mitulungi kita.
20 (68-21) Iya Allah kang paring
pitulung, Pangéran Allahku kwasa
ngluwari saka pati.
21 (68-22) Nanging mungsuhé Allah
diremuk sirahé, wong sing tansah
nindakaké piala diremuk sirahé sing
dhiwut-dhiwut.
22 (68-23) Pangéran ngandika
mengkéné, "Mungsuhmu bakal
Dakbalèkaké saka Basan, bakal
Dakbalèkaké saka telenging segara,
23 (68-24) supaya sikilmu gupaka
getihé, lan ilaté asumu mèlu ngrasakaké
nganti sawaregé."
24 (68-25) Dhuh Allah, tiyang-tiyang
sami ningali arak-arakan kemenangan
Paduka, Allah kawula, Ratu kawula,
dhateng Pedaleman Paduka ingkang
suci.
25 (68-26) Tiyang-tiyang ingkang sami
menyanyi mlampah ing ngajeng, ing
wingkingipun para penabuh clempung,

ing tengah para prawan ingkang sami
nabuh terbang.
26 (68-27) "Pasamuwan, padha mujia
Allah, hé turuné Israèl, padha mujia
asmané!"
27 (68-28) Taler Bènyamin, sing cilik
dhéwé, mlaku ing ngarep, banjur para
penggedhéné taler Yéhuda, kasusul
déning para penggedhéné taler Zébulon
lan Naftali.
28 (68-29) Dhuh Allah, mugi kersa
ngetingalaken pangwasa Paduka,
inggih pangwasa ingkang Paduka agem
mitulungi kawula.
29 (68-30) Kagem Pedaleman Paduka
ing Yérusalèm, para raja badhé sami
nyaosi pisungsung konjuk dhumateng
Paduka.
30 (68-31) Sato kéwan ing glagahan
mugi Paduka dukani, semanten ugi para
pangwasa lan para pengagenging
bangsa-bangsa! Mugi Paduka
ndhawahaken paukuman dhateng
tiyang ingkang karem bandha;
kabuyarna bangsa-bangsa ingkang
remen perang!
31 (68-32) Para utusan badhé sami
dhateng saking Mesir, tiyang Étiopia

badhé ngegaraken tangan dhateng Allah
saprelu ndedonga.
32 (68-33) Hé sakèhé kraton ing
salumahing bumi, padha ngidungna
pujiné Allah. Pangéran padha luhurna
nganggo nyanyian, padha ngidungna
masmur kagem Allah;
33 (68-34) kagem Panjenengané kang
nitih kréta ana ing langit, sing anané
wiwit jaman kuna mula. Rungokna!
Panjenengané ngetingalaké swarané
kang nggegirisi.
34 (68-35) Ngakonana pangwasané
Allah, lan kaluhurané ana ing Israèl,
sarta kamulyané ana ing langit dhuwur.
35 (68-36) Dhuh Allah, iba agenging
kawibawan, ingkang miyos saking
Paduka wonten ing Pedalemanipun
Allah. Allahé Israèl paring kaluhuran lan
kekuwatan marang umaté. Pinujia Allah!

69

1 Anggitané Dawud kanggo
pemimpin penyanyi. Laguné kaya
laguné: Kembang Bakung. (69-2) Dhuh
Allah, kawula mugi Paduka pitulungi,
margi kawula badhé kleleb!
2 (69-3) Kawula ambles ing lendhut,
ingkang mboten wonten dhasaripun
kanggé ngadeg. Kawula kejlungup ing

toya lebet, lan badhé kleleb déning
ombak.
3 (69-4) Awit saking enggèn kawula
sesambat, badan kawula lemes lan telak
kawula garing; mripat kawula tansah
njinggleng ngajeng-ajeng pitulungan
saking Paduka.
4 (69-5) Tiyang ingkang nyengiti
kawula tanpa sebab, menika kathahipun
nglangkungi rambut kawula. Kathah
sanget tiyang ingkang nedya ngrisak
kawula, inggih tiyang ingkang nyatroni
kawula tanpa sebab. Kawula dipun peksa
mangsulaken barang ingkang mboten
kawula rayah.
5 (69-6) Dhuh Allah, Paduka pirsa
cupeting nalar kawula, dosa-dosa kawula
mboten kaaling-alingan wonten ing
ngarsa Paduka.
6 (69-7) Dhuh Allah, para tiyang
ingkang ngantos-antos Paduka, sampun
ngantos kwirangan margi saking kawula.
Tiyang ingkang ngupados Paduka
sampun ngantos kecuwan margi saking
kawula, dhuh Allahipun Israèl.
7 (69-8) Awit saking Paduka enggèn
kawula dipun awon-awon, lan dipun
damel wirang.

8 (69-9) Kawula dipun sélaki déning
sedhèrèk-sedhèrèk kawula, sarta
dados tiyang manca tumrapipun
sedhèrèk-sedhèrèk kawula sebrayat.
9 (69-10) Anggèn kawula kesengsem
dhateng Pedaleman Paduka, menika
presasat latu ingkang mbesmi manah
kawula, sarta kawula dipun poyoki
déning tiyang-tiyang ingkang sami
nampik Paduka.
10 (69-11) Kawula ngasoraken badan
kawula srana siyam, nanging ing bab
menika kawula dipun poyoki.
11 (69-12) Samasa kawula nganggé
sandhanganipun tiyang kesripahan,
kawula lajeng dipun catur.
12 (69-13) Kawula dipun raosi
déning tiyang ingkang sami jagongan
ing gapuraning negari, lan dados
tetembanganipun tiyang mendem.
13 (69-14) Dhuh Allah, kawula badhé
ndedonga dhateng Paduka, mugi Paduka
paring wangsulan, sakeparenging kersa
Paduka, karana gunging sih-kadarman
Paduka.
14 (69-15) Kawula mugi Paduka entas
saking lendhut, supados mboten kleleb,

kawula kauwalna saking satru-satru
kawula, lan saking toya lebet.
15 (69-16) Sampun ngantos kawula
kéntir déning ombak, lan kauntal déning
telenging pejah.
16 (69-17) Dhuh Allah, mugi njurungi
panyuwun kawula, awit saking kesaénan
lan sih-kadarman Paduka; mugi kersa
mirsani kawula, margi saking agenging
sih-rahmat Paduka.
17 (69-18) Sampun ngantos ngaling-
alingi wedana Paduka dhateng abdi
Paduka, margi kawula nandhang
karibedan; pramila mugi énggal paring
wangsulan.
18 (69-19) Mugi kersa énggal rawuh
nebus kawula, sarta ngluwari kawula
saking satru kawula.
19 (69-20) Paduka pirsa cacad kawula,
kwirangan sarta kanisthan kawula;
Paduka ugi pirsa sinten kémawon
ingkang ngrupeki kawula.
20 (69-21) Cacad kawula damel aliting
manah, ngantos kawula semplah;
kawula ngajeng-ajeng piwelasing tiyang,
nanging tanpa damel; ngajeng-ajeng
tiyang ingkang saged nglipur, nanging
mboten manggih.

21 (69-22) Malah kawula dipun sukani
racun, lan nalika kawula kasatan, dipun
ombèni cokak.
22 (69-23) Mugi bujananipun tiyang-
tiyang menika dadosa jalaraning
tumpesipun; lan enggènipun wilujengan
dadosa jiretipun.
23 (69-24) Mripatipun dadosa wuta, lan
bangkèkanipun dadosa lemes.
24 (69-25) Paukuman Paduka
katumplekna, supados tiyang-tiyang
wau sami ketamana bramantya[j] Paduka!
25 (69-26) Pémahanipun dadosa sepen,
lan griyanipun suwung,
26 (69-27) margi sami nguya-uya tiyang
ingkang Paduka gebagi, sarta nambahi
perihipun tiyang ingkang sampun Paduka
tatoni.
27 (69-28) Dosa-dosanipun mugi
Paduka cathet sedaya, lan sampun
ngantos angsal panduman kawilujengan
peparing Paduka.
28 (69-29) Namanipun kacorèka saking
kitabé ngagesang, sampun ngantos
kacathet ing kitabipun umat Paduka.
29 (69-30) Nanging kawula menika
kesrakat lan siniya-siya, dhuh Allah,

---

[j]bramantya: amarah (bhs. Ind.).

kawula mugi Paduka tangèkaken, lan
Paduka ayomi.
30 (69-31) Allah bakal dakpuji nganggo
nyanyian sarta dakluhuraké kanthi saos
sokur.
31 (69-32) Kuwi gawé renaning
penggalihé ngungkuli kurban sapi sing
diwasa.
32 (69-33) Wong sing ditindhes samasa
weruh bakal padha bungah. Hé wong
kang nggolèki Allah, padha bungaha.
33 (69-34) Sebab Allah miyarsakaké
pesambaté wong miskin, lan wong
tawanan ora dianggep asor.
34 (69-35) Langit lan bumi padha
ngluhurna asmané, semono uga segara
lan saisiné kabèh.
35 (69-36) Sebab Allah bakal ngluwari
Sion, lan mbangun kutha-kuthané
Yéhuda, supaya wong-wong padha
manggon ing kana; lan ndarbèni bumi
kono.
36 (69-37) Sarta saterusé dadi darbèké
anak-putuné umaté; lan wong sing
nresnani asmané Allah kang bakal padha
ngenggoni.

70 1 Anggitané Dawud, nalika saos
kurban minangka pèngetan;

kanggo pemimpin penyanyi. (70-2)
Dhuh Allah, mugi énggal rawuh mitulungi
kawula, mugi paring pitulung, dhuh
Allah, samenika ugi.
2 (70-3) Tiyang ingkang ngangkah
pejah kawula sami nandhanga wirang
lan bingunga piyambak. Ingkang sami
ngangkah bilai kawula mugi sami
mundur lan kwirangan.
3 (70-4) Ingkang nyukuraken kawula,
sami wangsula lan kisinana, minangka
piwalesing pangolok-olokipun.
4 (70-5) Tiyang ingkang sami madosi
Paduka, mugi sami bingah-bingah,
sarta suka-renaa sedaya tiyang ingkang
ngajeng-ajeng sih-pitulungan Paduka.
Sami tansah gadhaha pamuji mekaten,
"Allah iku Mahaluhur!"
5 (70-6) Nanging menggah kawula
menika tiyang nistha lan papa. Dhuh
Allah, mugi tumunten rawuh. Paduka
menika Juru Wilujeng ingkang mitulungi
kawula. Dhuh Allah, kersaa énggal
rawuh.

71 1 Dhuh Allah, kawula ngungsi
dhateng Paduka, mugi sampun
ngantos kawula kwirangan.

2 Paduka mugi kersa nguwalaken
kawula lan ngluwari kawula krana
saking kaleresan Paduka. Paduka mugi
nilingaken pesambat kawula, sarta
ngluwari kawula.
3 Paduka mugi dados parang kawula
ingkang sentosa, ingkang kawula
ungsèni, bètèng kawula ingkang
mitulungi kawula, awit inggih namung
Paduka jumeneng dados peparang saha
bètèng kawula.
4 Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
luwari saking tanganipun tiyang duraka,
saking cengkeremaning tiyang awon lan
ambek siya.
5 Sebab Paduka menika ingkang kawula
endelaken, dhuh Allah, ingkang kawula
jagèkaken wiwit alit mila.
6 Anggèn kawula suméndhé dhateng
Paduka wiwit kawula taksih wonten
ing wetengan; Paduka ingkang tansah
kawula luhuraken.
7 Tumrap tiyang kathah, gesang kawula
dados tuladha, margi Paduka dados
pangungsèn kawula ingkang sentosa.
8 Lambé kawula lubèr pamuji
dhumateng Paduka, ing sedinten-dinten
Paduka kawula luhuraken.

9 Ing mangsanipun sampun sepuh
kawula, mugi sampun ngantos Paduka
tampik; ing wancinipun kekiyatan kawula
suda, mugi sampun ngantos Paduka tilar.
10 Mengsah-mengsah kawula sami
ngraosi, tiyang-tiyang ingkang nedya
mejahi kawula sami sarembag.
11 Lan mungel mekaten, "Wong kuwi
wis ditilar déning Allah, ayo padha
dioyak lan dicekel, sebab wis ora ana
sing mitulungi."
12 Dhuh Allah, Paduka sampun ngantos
nebihi kawula. Dhuh Allah kawula, mugi
tumunten rawuh, mitulungi kawula!
13 Para satru kawula sami nandhanga
wirang, lan sami kasirnakna. Sami
nandhanga wirang lan nistha, sedaya
tiyang ingkang ngangkah cilaka kawula.
14 Menggah kawula badhé tansah
pitados dhateng Paduka lan saya sanget
anggèn kawula ngluhuraken Paduka.
15 Ilat kawula badhé nyariyosaken
kaleresan Paduka, lan pitulungan
peparing Paduka badhé tansah kawula
wartosaken saben dinten, sebab kawula
mboten saged ngétang cacahipun.
16 Dhuh Pangéran, kawula badhé
marek nyariyosaken kaélokaning

pangwasa Paduka, saha nyebutaken
kaleresan Paduka, inggih namung
Paduka piyambak ingkang kawula puji!
17 Dhuh Allah, wiwit alit mila kawula
sampun Paduka wulang, sarta dumugi
sepriki kawula tansah nyariyosaken
kaélokan Paduka.
18 Dhuh Allah, salebetipun kawula
sampun sepuh sarta uwanen mekaten,
sampun ngantos Paduka tilar, supados
anak-putu kawula ing samangké kawula
cariyosaken bab pakaryaning asta
Paduka, lan pangwasa Paduka kawula
cariyosaken dhateng anak-putu kawula
sedaya, ingkang badhé dhateng.
19 Kaleresan Paduka, dhuh Allah,
sundhul ing langit. Paduka sampun
nindakaken prekawis-prekawis ingkang
élok; dhuh Allah, sinten ingkang nyamèni
Paduka?
20 Paduka ingkang sampun
ndhawahaken karibedan lan kasangsaran
dhateng kawula, inggih Paduka piyambak
ingkang badhé nggesangaken kawula
malih, sarta Paduka entasaken saking
telenging bumi.
21 Paduka mugi mewahi kadrajatan
kawula, lan nglipur kawula malih.

[22] Ing ngriku kawula badhé memuji
Paduka kalayan swantening slukat. Margi
saking prasetyan Paduka, dhuh Allah,
Paduka badhé kawula caosi pamuji mawi
swantening clempung. Dhuh Allahipun
Israèl, ingkang Mahasuci.
[23] Lambé kawula dalah nyawa kawula
ingkang sampun Paduka tebus, badhé
sami bingah-bingah, sarta ngidungaken
puji Paduka.
[24] Ilat kawula sedinten-dinten badhé
martosaken kaleresan Paduka, margi
tiyang ingkang sami ngangkah bilai
kawula sampun sami kwirangan lan
katumpes.

72

[1] Anggitané Suléman. Dhuh Allah,
Sang Prabu mugi Paduka wulang
ngadili miturut dhawuh Paduka, lan Sang
Putra Raja mugi kaparingana kaleresan
ingkang saking Paduka piyambak.
[2] Supados panjenenganipun ngerèh
umat Paduka kalayan adil, lan tiyang-
tiyang kagungan Paduka mituruta
dhawuh Paduka.
[3] Mugi negari menika kaparingana
tentrem-rahayu, saha gesang
adhedhasar kaleresan.

4 Mugi Sang Prabu paring keadilan
dhateng tiyang kesrakat, paring
pitulungan dhateng tiyang mlarat saha
numpes tiyang ingkang nganiaya.
5 Sang Prabu kaparingana panjang
yuswa selaminipun wonten surya
lan rembulan, semanten ugi putra-
wayahipun.
6 Mugi Panjenenganipun dados
lantaraning berkah, kados jawah
ingkang dhawah ing rumput, ingkang
nyiram bumi ngantos lubèr.
7 Selaminipun Panjenenganipun ngasta
keadilan, saya nambahana katentreman
saha karahayon saya lubèra, ngantos
mboten wonten rembulan malih!
8 Sang Prabu mugi mengkua tanah-
tanah wiwit saking seganten dumugi
seganten, tuwin saking Éfrat dumugi
pungkasaning bumi.
9 Para bangsa ing ara-ara samun sami
sujuda wonten ing ngarsanipun, sarta
mengsahipun sami ndilata lebu.
10 Para raja saking Tarsis lan ing
pulo-pulo sami nyaosana pisungsung;
para ratu saking Syéba lan Séba sami
sowana sarta saos pisungsung.

11 Sakathahing para raja sami sujuda
dhateng Panjenenganipun, sarta
sakathahing para umat sami saosa
pangabekti!
12 Saèstu Panjenenganipun badhé
mitulungi tiyang mlarat, ingkang
sesambat, mekaten ugi tiyang ingkang
kesrakat sarta ingkang kapiran.
13 Panjenenganipun badhé nresnani
tiyang sèkèng lan tiyang mlarat,
nyawanipun tiyang miskin badhé dipun
pitulungi.
14 Sami badhé dipun tebus saking
panindhes lan panganiaya, rahipun dipun
anggep adi.
15 Sugenga Sang Prabu! Kasaosana
pisungsung emas saking Syéba, lan
kadongakna sedinten-dinten, supados
lestantuna kasugenganipun.
16 Ing tanah ngriku lubèra taneman
gandum, dalah ing pucaking redi
ngedalna woh kathah kados taneman ing
Libanon. Kitha-kithanipun kebaka tiyang
kados rumput ing ara-ara.
17 Asmanipun Sang Prabu lestantuna
ing selami-laminipun; kesuwura
selaminipun wonten surya. Sedaya
bangsa sami anduma berkah kanthi

nyebut asmanipun, saha sami mujèkna
berkah karaharjan saking Allah.
18 Pinujia Pangéran, Allahé Israèl! Mung
Panjenengané kang nindakaké kaélokan.
19 Pinujia asmané kang mulya,
salumahing bumi kasrambahana ing
kaluhurané! Amin!
20 Tekan seméné pamuji-pamuji
anggitané Dawud, putrané Isai.

73 1 Masmur anggitané Asaf. Sejatiné
Allah iku becik tumrapé wong sing
jujur, lan sing resik atiné.
2 Nanging mungguh aku, mèh waé
sikilku keplèsèt, mèh waé ilang imanku.
3 Sebab aku mèri karo wong sing
gemedhé, lan panas atiku nalika weruh
kabegjané wong ala.
4 Déné ora tau nandhang sangsara,
awaké waras, lemu.
5 Ora nandhang karibedan kaya wong
liyané, lan ora nandhang perih kaya
wong sapepadhané.
6 Mulané wataké angkuh, lan dhemen
nyia-nyia pepadhané.
7 Dosané tuwuh subur ing atiné, batiné
tansah ngrancang piala.

8 Senengané nyemoni wong liya,
kalawan angkuh ngrancang piala lan
panyiksa.
9 Allah kang ana ing swarga diala-ala,
lan kalawan angkuh njajah wong ana ing
bumi.
10 Umaté Allah nganti padha kèlu
marang wong mau, lan precaya karo apa
sing dikandhakaké.
11 Pangucapé, "Gusti Allah masa pirsaa,
Kang Mahaluhur mesthi ora maèlu."
12 Kaya mengkono kaananané wong jahat,
wong mau tansah begja lan kasugihané
saya tambah.
13 Yèn mengkono apa gunané aku
ngudi marang kautaman, lan nyingkiri
penggawé ala?
14 Dhuh Allah, saben dinten kawula
Paduka sangsara, saben énjing kawula
Paduka welèhaken.
15 Saupami kawula gadhah ungel
ingkang kados mekaten, temtu kawula
nyélaki anggèn kawula dados umat
Paduka.
16 Prakara mau dakrasak-rasakaké,
nanging aku meksa ora ngerti.

17 Nganti aku mlebu ing Pedalemané
Allah kang Suci, lan ngentèni wekasané
wong ala mau.
18 Èstunipun tiyang-tiyang menika
Paduka degaken ing papan ingkang
lunyu, lajeng Paduka plèsèdaken, mila
dhawah remuk.
19 Sanalika sami tumpes-tapis, sirna
margi saking paukuman Paduka.
20 Kados impèn ingkang ical ing wanci
énjing, samasa Paduka jumeneng lajeng
Paduka kipataken.
21 Nalika manah kawula mangkel déning
mrina, lan batos kawula nepsu déning
sakiting manah,
22 èstunipun kawula bodho lan tanpa
budi, kados kéwan wonten ing ngarsa
Paduka.
23 Nanging sokur déné kawula celak
kaliyan Paduka, lan kaasta déning asta
tengen Paduka.
24 Kawula Paduka paringi pitedah, lajeng
Paduka pulung dhateng kamulyan.
25 Ing swarga lan ing bumi mboten
wonten ingkang kawula raketi, kejawi
namung Paduka piyambak.

26 Senajan badan lan nyawa kawula
lebur, Allah ing selami-laminipun dados
bètèng lan kekiyatan kawula.
27 Sayektosipun, tiyang ingkang
nyingkur Paduka badhé manggih
karisakan, tiyang ingkang nyembah allah
sanès, badhé tumpes sedaya, sarta nilar
Paduka.
28 Nanging mungguh aku, aku milih
rumaket marang Allah, Pangéran, Allah
iku andel-andelku, sarta aku bakal
nyritakaké sakèhé pakaryané!

74 1 Kidung isi piwulang, anggitané
Asaf. Dhuh Allah, menapa
sebabipun kawula sami Paduka tampik
ing selaminipun? Menapa sebabipun
déné ménda-ménda kagungan Paduka,
Paduka ukum ing selaminipun?
2 Paduka mugi ngèngeti dhateng umat
ingkang Paduka pundhut kala jaman
kina, inggih Paduka tebus kadadosaken
kagungan Paduka piyambak. Mugi
ngèngeti dhateng Gunung Sion,
dunungipun Pedaleman Paduka.
3 Paduka mugi kersa tedhak nuwèni
panggènan-panggènan ingkang sampun
dangu risak sanget. Wonten ing

Pedaleman Paduka, samukawis sampun
dipun risak déning mengsah.
4 Mengsah-mengsah Paduka sampun
sami surak-surak ing Pasucèn Paduka,
lan sampun sami masang gendéranipun
minangka tandhaning kamenanganipun.
5 Pendamelipun presasat tiyang madung
ing wana, ingkang negori kajeng.
6 Sesampunipun menika lajeng
ngremuki sedaya ukir-ukiran mawi
linggis lan palu.
7 Pedaleman Paduka ingkang suci lajeng
dipun besmi, pasucèn Paduka dipun
najisaken lan dipun damel radin kaliyan
siti.
8 Osiking manahipun, "Ayo padha
dirusak kabèh." Sedaya papan
panembahipun umat Paduka sanegari
sedaya lajeng dipun besmi telas.
9 Sedaya barang-barang suci kawula
ical, para nabi inggih sampun mboten
wonten, lan mboten wonten tiyang
ingkang sumerep badhé ngantos pinten
laminipun.
10 Dhuh Allah, badhé ngantos pinten
laminipun mengsah menika enggènipun
memoyok, lan nyenyamah asma Paduka
tanpa kendhat.

11 Kénging menapa Paduka nampik
mitulungi kawula? Sarta ndhelikaken
asta tengen Paduka?
12 Nanging sanyatanipun Paduka
menika Ratu kawula, dhuh Allah, wiwit
jaman kina mila, ingkang sampun asring
mitulungi kawula.
13 Paduka ingkang kala rumiyin miyak
seganten kalayan asta Paduka ingkang
kwasa, lan ngremuk sirahipun sawer
naga ing seganten.
14 Inggih Paduka ingkang ngremuk
sirahipun Léwiatan. Paduka dadosaken
tetedhanipun kéwan-kéwan ing ara-ara
samun.
15 Paduka ingkang damel tuk lan lèpèn,
kali ingkang ajeg toyanipun Paduka
asataken.
16 Rinten Paduka ingkang nitahaken,
semanten ugi dalu; surya lan rembulan,
Paduka ingkang mrenahaken.
17 Paduka ingkang netepaken watesé
dharatan; mangsa bentèr lan mangsa
bedhidhing Paduka ingkang mrenata.
18 Paduka mugi ngèngeti, dhuh Allah,
bilih para mengsah sami nggegujeng
Paduka, bilih tiyang-tiyang ingkang

bodho menika sami ngawon-awon asma
Paduka.
19 Paduka mugi sampun négakaken
nyawanipun umat Paduka ingkang
ringkih menika wonten ing tanganing
mengsahipun ingkang ambek siya.
Paduka mugi sampun supé dhateng
umat Paduka ingkang kasiya-siya.
20 Mugi ngèngeti dhateng prejanjian
Paduka kaliyan kawula sedaya, sebab ing
negari menika kathah pandhelikanipun
tiyang ingkang remen nindakaken
panganiaya.
21 Tiyang ingkang katindhes sampun
ngantos sami kwirangan, tiyang mlarat
sarta papa sageda sami memuji asma
Paduka.
22 Paduka mugi jumeneng sarta
nindakaken keadilan Paduka, mugi
ngèngeti tiyang ingkang bodho
enggènipun ngawon-awon dhateng
Paduka tanpa kendhat.
23 Paduka mugi nggalih sakathahing
ujaripun para mengsah Paduka, saha
sumbaripun tiyang-tiyang ingkang
mbaléla dhateng Paduka, ingkang saya
dangu saya nékad.

75 [1] Kidung anggitané Asaf kanggo
pemimpin penyanyi. Laguné kaya
laguné: Aja ngrusak. (75-2) Dhuh Allah,
kawula sami memuji dhumateng Paduka.
Kawula sami muji sokur, dhuh Allah!
Kawula sami nyariyosaken pakaryan
Paduka ingkang élok.
[2] (75-3) Allah ngandika, "Aku sing
netepaké wektuné pengadilan, lan Aku
bakal ngadili kalawan patitis.[k]
[3] (75-4) Senajan sakèhé tumitah geter
lan bumi gonjang-ganjing, Aku, ya Aku
piyambak sing njejegaké sakané."
[4] (75-5) Wong angkuh padha
Dakkandhani, "Aja sumelang,"
[5] (75-6) lan wong ala Dakkandhani,
"Aja umuk. Aja ngendel-endelaké
kekuwatanmu lan aja sesumbar."
[6] (75-7) Tekané pengadilan iku ora saka
Wétan utawa saka Kulon, lan uga ora
saka Lor utawa Kidul.
[7] (75-8) Nanging saka Allah, sing
jumeneng hakim, ngluputaké sing siji
lan mbeneraké sijiné.
[8] (75-9) Allah ngasta tuwung ing
astané, isi anggur paukumané. Anggur
mau bakal diesokaké, lan wong duraka

---

[k] patitis: tepat (bhs. Ind.).

kabèh bakal ngombé anggur mau tekan
endheg-endhegé pisan.
9 (75-10) Nanging aku selawasé bakal
bungah-bungah lan ngidungaké masmur
konjuk ing Allahé Yakub.
10 (75-11) Pangwasané wong duraka
bakal dilebur, nanging kekuwatané wong
mursid bakal saya tambah-tambah.
76 1 Kidung masmur anggitané Asaf
kanggo pemimpin penyanyi,
dibarengi uniné clempung. (76-2) Saben
wong ing Yéhuda ngerti Allah iku sapa,
asmané diurmati ing Israèl.
2 (76-3) Kémahé didegaké ing Salèm,
pedalemané ana ing Gunung Sion.
3 (76-4) Ana ing kana Panjenengané wis
mutungi, panah sing mengkilat, tamèng
sarta pedhang, apa déné sarupané
gegamaning perang.
4 (76-5) Dhuh Allah, agunging
kamulyan Paduka ngungkuli paredèn
ingkang sampun wonten wiwit jaman
kina mila.
5 (76-6) Prejurit kendel-kendel sami
kablèjédan, lan nemahi tiwas, karosan
lan ketrampilanipun mboten kanggé.

6 (76-7) Dhuh Allahipun Yakub, margi
saking paukuman Paduka, kapal lan
ingkang numpaki sami pejah.
7 (76-8) Paduka menika nggegirisi!
Sinten ingkang betah ngadhepi Paduka
menawi Paduka ngleresi duka?
8 (76-9) Paduka ndhawahaken
kerampunganing pengadilan saking
swarga, salumahing bumi sami ajrih
blangkemen.
9 (76-10) Allah jumeneng ndhawahaken
paukuman, kersa mitulungi sakathahing
tiyang kesrakat wonten ing bumi.
10 (76-11) Brangasanipun manungsa
wekasanipun namung badhé damel
tambahing pamuji kagem asma Paduka;
kekantunaning tiyang ingkang medal
saking peprangan menika badhé memuji
asma Paduka.
11 (76-12) Punagimu marang Pangéran
padha luwarana; padha nyaosna
pisungsungmu marang Panjenenganė.
Hé sakèhé bangsa kang ana ing sakiwa-
tengené. Panjenenganė pantes disaosi
pakurmatan.
12 (76-13) Kang ngasoraké para
penggedhé; lan ndadèkaké para raja ing
bumi gemeter.

77

[1] Masmur anggitané Asaf kanggo
pemimpiné penyanyi, dibarengi
uniné clempung. Laguné kaya lagu:
Yedhutun. (77-2) Kalawan swara sora
anggonku sesambat marang Allah, lan
Panjenengané miyarsakaké aku.
[2] (77-3) Ing dina karubedan aku
nggolèki Pangéran, senajan ing
wayah bengi tanganku dakegaraké
ing pandonga, nyawaku ora gelem
diarih-arih.
[3] (77-4) Samasa ngangen-angen
marang Allah, aku banjur ngesah-esah.
Samasa dakrasak-rasakaké nyawaku
ngenes lan nglentrih.
[4] (77-5) Kawula mboten saged tilem
margi saking Paduka, ngantos manah
kawula bingung lan mboten saged
wicanten.
[5] (77-6) Kawula ngangen-angen
dhateng lelampahan ing jaman kina,
inggih ing jaman ingkang kepengker.
[6] (77-7) Ing wanci dalu kawula nggraita
salebeting manah, lajeng ngunandika
ing batos mekaten,
[7] (77-8) "Penampiké Pangéran mono
apa kanggo selawasé, ing tembé apa
bakal ora melasi menèh?

8 (77-9) Sih-palimirmané apa wis
pedhot babar-pisan, prasetyané sing
turun-temurun apa wis cunthel?
9 (77-10) Allah apa wis ora melasi
menèh, lan kawelasané apa lebur déning
bebenduné?"
10 (77-11) Ing kono osiking atiku, "Kang
njalari perihku, iya iku yèn Allah wis ora
Mahakwasa menèh."
11 (77-12) Aku dakéling-éling pakaryané
Allah. Kawula badhé ngraos-ngraosaken
kaélokan Paduka sedaya ing jaman kina.
12 (77-13) Pakaryan Paduka sedaya
badhé kawula raos-raosaken, lan
pendameling asta Paduka badhé kawula
ènget-ènget.
13 (77-14) Dhuh Allah, pangrèh Paduka
menika suci! Pundi wonten Allah ingkang
luhur kados Allah kawula?
14 (77-15) Paduka menika Allah ingkang
nindakaken kaélokan, pangwasa Paduka
misuwur ing antawisipun para bangsa.
15 (77-16) Umat Paduka, turunipun
Yakub lan Yusuf sampun Paduka tebus
kalayan pangwasa Paduka.

16 (77-17) Dhuh Allah, seganten nalika
ningali Paduka lajeng ajrih, dalah
telenging[l] samodra sami gemeter.
17 (77-18) Mendhung nggrojogaken
toya, gludhug gumleger medal saking
awang-awang, bledhèg sesamberan
pating clèrèt.
18 (77-19) Gumlegering gludhug Paduka
ngèbeki langit, kilat sami pating glebyar
madhangi jagad. Bumi gemeter kaliyan
oreg.
19 (77-20) Paduka tindak ngambah
seganten, nratas telenging samodra,
nanging tapak Paduka mboten ketawis.
20 (77-21) Paduka ngirid umat Paduka
kados nggiring ménda, srana tanganipun
Musa lan Harun.

78 1 Kidung isi piwulang anggitané
Asaf. Dhuh bangsaku, rungokna
piwulangku, tembungku gatèkna.
2 Aku arep medharaké kidung kang isi
piwulang, arep nerangaké wewadi kang
kelakon dhèk jaman kuna.
3 Prekara sing wis kita rungu lan kita
alami, sing dicritakaké marang kita
déning para leluhur.

---

[l]teleng: puser: pusat (bhs. Ind.).

4 Aja kita dhelikaké tumrap anak-putu,
nanging arep dakcritakaké marang
angkatan sing sabanjuré; yakuwi bab
kaluhuurané Allah lan pangwasané, apa
déné kaélokan kang ditindakaké.
5 Pangéran wis ndhawuhaké prenatan
kanggo Israèl, lan ngundhangaké
angger-angger marang turuné Yakub.
6 Para leluhur wis didhawuhi ngandhani
marang anak-putu, supaya dingertènana
déning turuné ing sapungkuré, iya
déning anak-putu kang bakal lair.
7 Supaya padha precaya marang Allah
lan aja lali sarupaning pakaryané, apa
déné padha netepana dhawuhé.
8 Karomenèh aja kaya para leluhuré
sing padha dadi wong mbangkang sing
pangabektiné marang Allah ora mantep,
lan atiné ora setya marang Allah.
9 Wong taler Éfraim, kang sikep
gegaman panah lan gendhéwa, lagi
tengah-tengahé perang padha mundur.
10 Padha ora ngandel karo janjiné
Allah, lan wegah urip manut pangrèhé
Pangéran.
11 Wong-wong mau padha lali marang
pakaryané Allah, lan pendamelé kang

élok, kang ditedahaké déning Allah
marang wong-wong mau.
12 Allah wis nindakaké kaélokan ana ing
ngarepé para leluhur mau, ing tanah
Mesir, ing daérah Zoan.
13 Segara dipiyak, lan umaté
disabrangaké. Banyuné digawé
ngadeg kaya bendungan.
14 Ing wayah awan lakuné umat
dituntun nganggo méga, yèn bengi
nganggo padhanging geni.
15 Gunung watu dibelah ana ing ara-ara
samun, umaté nuli diparingi ngombé
nganti turah-turah presasat banyu saka
segara.
16 Saka karang mau Allah metokaké
kali, kang banyuné gumrojog kaya kali.
17 Éwasemono para leluhur mau padha
kebacut-bacut anggoné gawé dosa
marang Allah, sarta anggoné mbrontak
marang Kang Mahaluhur, ana ing ara-ara
samun.
18 Malah ing atiné padha nyoba marang
Allah, nyuwun diparingi pangan nuruti
kepéncuting hawa-nepsuné.
19 Unjuké marang Allah, "Apa Allah
kwasa maringi pangan ana ing ara-ara
samun?

20 Panjenengané pancèn kwasa mbelah
karang lan metokaké banyu nganti
turah-turah, nanging apa kwasa maringi
roti utawa daging marang umaté?"
21 Mulané bareng ana tembung sing
mengkono mau, Allah duka, banjur ana
geni nibani umat Israèl.
22 Kuwi merga padha ora precaya
marang Allah, sarta ora precaya marang
pitulungané.
23 Éwasemono Allah kersa ndhawuhi
méga-méga mbukak gapurané langit.
24 Umaté diudani manna kanggo
pangan, padha diparingi gandum saka
langit.
25 Kabèh padha mangan rotining
malaékat, padha kaparingan sangu
nganti wareg.
26 Allah nekakaké angin saka Wétan,
lan ngagem kwasané nggiring angin
saka Kidul.
27 Umaté banjur diparingi manuk
presasat udan, cacahé kaya wedhiné
segara.
28 Ditibakaké ing tengahé perkémahan
lan ing sakiwa-tengené kémahé.

29 Banjur padha mangan nganti
sawaregé, merga padha nguja
pepénginané.
30 Nalika durung padha marem enggoné
mangan, lan pangané isih ana ing
cangkemé,
31 paukumané Allah mulad-mulad,
nyerang wong-wong mau, nganti matèni
para pemimpin lan para nonoman Israèl.
32 Éwasemono durung padha kapok
olèhé gawé dosa, lan nerusaké enggoné
ora precaya marang pakaryané Allah
kang élok.
33 Mulané uripé digawé tanpa guna
déning Allah, lan selawasé ora ngalami
tentrem.
34 Samasa dianani pepati déning Allah,
padha éling marang Panjenenganė,
banjur padha mratobat lan ngungsi
marang Allah.
35 Padha éling yèn Allah iku
pengayomané, lan yèn Kang Mahaluhur
iku Juru Slameté.
36 Nanging tumindaké mau éthok-éthok,
lan tembung sing diucapaké kuwi goroh.
37 Merga atiné ora madhep marang
Allah, lan iya ora setya marang
prejanjiané Allah.

38 Éwasemono Pangéran kersa melasi,
kaluputané diapura lan umaté ora
ditumpes. Allah ora nuruti dukané, lan
paukumané ora diluntakaké kabèh.
39 Panjenenganė kersa ngèngeti yèn
manungsa kuwi mung daging, lan mung
napas sing metu lan ora bali menèh.
40 Para leluhur kerep padha mbangkang
marang Allah ana ing ara-ara samun,
lan gawé gerahing galihé ana ing segara
wedhi.
41 Padha nyoba marang Allah lan gawé
dukané galihé Kang Mahasuci, Allahé
Israèl.
42 Padha ora éling marang kwasané
Pangéran nalika padha diuwalaké saka
tanganing mungsuh,
43 nalika Panjenenganė gawé kaélokan
ing tanah Mesir, lan mujijat-mujijaté ana
ing daérah Zoan.
44 Banyuné kali-kali lan kalèn-kalèn
diwalik dadi getih, nganti ora kena
diombé.
45 Panjenenganė nekakaké laler cathak
ganas, lan kodhok-kodhok kang gawé
rusak.

46 Tanduranė wong Mesir kadadèkaké
mangsané uler, lan asiling kangèlané
didadèkaké panganė walang.
47 Wité anggur dipatèni srana udan
watu, lan wité ara dipatèni nganggo bun
upas.
48 Raja-kayané ditumpes srana udan ès,
lan pepanthaning kéwané sirna disamber
bledhèg.
49 Paukumané kang nggegirisi
diesokaké, bramantya, deduka sarta
karubedan, apa déné wadyabala
malaékat teka nggawa bilai.
50 Paukumané diumbar makantar-
kantar, lan nyawané wong-wong
mau ditégakaké ngalami mati, malah
diulungaké marang pageblug.
51 Anaké pembarep wong Mesir
dipatèni kabèh, mangka kuwi sing dadi
andel-andelé brayaté.
52 Umaté diirid metu kaya wedhus,
digiring kaya pepanthan ing ara-ara
samun.
53 Padha dituntun kanthi tentrem,
mula padha ora kwatir, mangka para
mungsuhé diklelepaké ana ing segara.

54 Umaté diirid menyang tanah suci,
yakuwi tanah pegunungan iki, kang
direbat déning astané Kang Kwasa.
55 Para bangsa kapir padha ditundhung
saka ing kono. Tanahé diedum-edum
marang bangsa Israèl, umaté dadi
tanah pusaka, diukur nganggo tali
lan didhawuhi ngenggoni minangka
pomahané umaté.
56 Nanging bangsa Israèl padha
mbrontak marang Allah, lan padha
nyoba Panjenengané; dhawuhé padha
ora dièstokaké.
57 Padha nyingkur Panjenengané, lan
kaya para leluhuré, padha ora setya,
padha nylèwèng kaya lakuné panah kang
lepas saka gendhéwa kang ala.
58 Padha gawé sekeling galihé, merga
padha kekutug ing gunung-gunung, lan
gawé bentèring galihé srana reca-recané.
59 Pirsa sing mengkono mau Allah duka
banget, mula wong Israèl ditampik
babar-pisan.
60 Pedalemané ing Silo, kémah sing
didalemi ana ing antarané manungsa,
ditilar.
61 Panjenengané marengaké Pethiné
Prejanjian diobong déning mungsuh,

mangka kuwi pretandhaning pangwasa
lan kamulyané.
62 Panjenengané duka marang umaté,
mulané padha ditégakaké dipatèni
déning mungsuhé.
63 Para nonomané padha mati ing
peprangan, lan prawan-prawané padha
ora ana sing ngepèk bojo.
64 Para imam padha mati déning
pedhang, lan randhané ora bisa nangisi.
65 Wekasané Pangéran banjur kaya
wungu saka anggoné saré; kaya prewira
kang bingar merga anggoné ngombé
anggur.
66 Mungsuhé banjur digawé mundur,
digawé wirang ing selawasé.
67 Taleré Yusuf nuli ditampik, lan taleré
Éfraim ora dipilih.
68 Sing dipilih taler Yéhuda, Gunung
Sion sing dikasihi.
69 Panjenengané yasa pasucèn, kang
dhuwuré presasat gunung kang dhuwur
dhéwé, pondhasiné sentosa kaya bumi,
aman ing selawasé.
70 Panjenengané milih Dawud, abdiné,
dipundhut saka pangonan,

71 nalika lagi angon wedhusé,
didadèkaké raja ing Israèl, dadi
pangoning umaté Allah.
72 Olèhé angon kalawan tulusing ati lan
tanpa pamrih, sarta kalawan pangrèh
kang wicaksana.

79 1 Masmur anggitané Asaf. Dhuh
Allah, bangsa-bangsa manca
sampun sami mlebet dhateng tanah
kagungan Paduka, lan sami najisaken
pedaleman Paduka ingkang suci;
Yérusalèm sampun dados jugrugan.
2 Jisimipun para abdi Paduka, dipun
dadosaken tedhaning peksi-peksi ing
awang-awang; dagingipun para kekasih
Paduka kasukakaken kéwan ing ara-ara.
3 Rahipun umat Paduka dipun
wutahaken mlabar kados toya, ing
sakiwa-tengenipun Yérusalèm, sarta
mboten wonten ingkang ngubur.
4 Kawula sami dipun poyoki déning
tangga tepalih kawula, dipun wadani lan
dipun awon-awon déning tiyang-tiyang
sakiwa-tengen kawula.
5 Dhuh Allah, ngantos pinten laminipun
anggèn kawula nandhang paukuman
Paduka, lan ketaman déning bentèring
galih Paduka?

6 Paukuman Paduka mugi kaesokna
dhateng para umat ingkang mboten
nganggep dhateng Paduka, inggih
dhateng sakathahing negari ingkang
mboten sami nyembah dhateng Paduka.
7 Margi sampun sami mejahi
umat Paduka, sarta ngrisak balé-
pémahanipun.
8 Dosanipun leluhur kawula sampun
ngantos katempahaken dhateng kawula,
kawula mugi énggal Paduka welasi,
margi kawula sampun mboten kiyat.
9 Dhuh Allah, mugi kawula sami Paduka
pitulungi, krana saking kaluhuraning
asma Paduka; mugi kawula kaluwarana,
saha Paduka apunten dosa kawula krana
saking asma Paduka.
10 Kénging menapa tiyang kapir menika
ngantos sami mungel mekaten, "Allahé
wong kuwi ana ing ngendi?" Mugi rahipun
para abdi Paduka ingkang kawutahaken
kawalesna ing ngajeng kawula, supados
bangsa-bangsa menika sami sumerepa.
11 Pesambatipun tiyang tawanan mugi
Paduka piyarsakaken. Mugi kersa paring
gesang dhateng tiyang-tiyang ingkang
kaancam badhé dipun pejahi srana asta
Paduka ingkang kwasa.

12 Bangsa ingkang manggèn ing
sakubeng kawula mugi sami
kadhawahana piwales tikel pitu,
margi enggènipun ngawon-awon
dhateng Paduka.
13 Dhuh Pangéran, kawula umat
Paduka, inggih ménda ngèn-ngènan
Paduka, badhé sami memuji dhumateng
Paduka ing selaminipun. Kaluhuran
Paduka badhé kawula cariyosaken
turun-temurun.

80

1 Masmur anggitané Asaf kanggo
pemimpin penyanyi. Laguné kaya
kidung: Kembang Bakung. (80-2) Dhuh
Pangéran, Pangènipun bangsa Israèl,
mugi miyarsakaken, Paduka ingkang
nggiring turunipun Yusuf kados ménda!
Paduka ingkang nitih kerub, mugi kersa
ngetingalaken cahya Paduka
2 (80-3) wonten ing ngajengipun Éfraim
lan Bènyamin saha Manasyè! Mugi kersa
ngetingalaken pangwasa Paduka, saha
mitulungi kawula.
3 (80-4) Dhuh Allah, kawula mugi
Paduka pulihaken. Mugi Paduka
ngetingalaken sih-kadarman Paduka,
temah kawula badhé sami wilujeng.

4 (80-5) Dhuh Allah, Ratuning jagad,
ngantos pinten laminipun pandonganipun
umat Paduka anggènipun kacegah
déning paukuman Paduka?
5 (80-6) Para umat sami Paduka paringi
nedha roti kaworan luh, sarta Paduka
ombèni luh ngantos lubèr-lubèr.
6 (80-7) Bangsa-bangsa sakubeng
kawula sami perang rebatan ndarbèki
negari kawula. Bangsa-bangsa menika
sami moyoki kawula.
7 (80-8) Dhuh Allah, Ratunipun jagad,
kawula mugi Paduka pulihaken; mugi
ngetingalaken sih-kadarman Paduka,
murih kawula sami wilujeng.
8 (80-9) Kala rumiyin Paduka ngasta
wit anggur saking tanah Mesir, bangsa-
bangsa ing ngriki Paduka tundhung,
tanahipun lajeng Paduka tanemi wit
anggur wau.
9 (80-10) Sitinipun Paduka cawisaken,
oyodipun nancep lebet ing siti, mila
enggènipun ngrembaka ngebaki negari.
10 (80-11) Ronipun ngantos ngéyubi
redi-redi, carang-carangipun ngantos
sami mrambat dhateng wit arès
kagunganipun Allah.

11 (80-12) Oyoding pangipun ngantos
dumugi ing Seganten Tengah, sarta
lungipun ngantos dumugi Bengawan
Éfrat.
12 (80-13) Kénging menapa pageripun
Paduka jugrugaken, ngantos saben
tiyang ingkang langkung ngrampasi?
13 (80-14) Andhapan sami nggangsiri,
lan kéwan ing ara-ara sami nyengguti.
14 (80-15) Dhuh Allah, Ratuning jagad,
Paduka mugi kersa wangsul, kersa
mirsani saking swarga, saha nggalih
dhateng wit anggur menika!
15 (80-16) Mugi Paduka tuwèni, wit
tanemané asta Paduka ingkang sampun
dados ageng menika.
16 (80-17) Wit menika dipun besmi
lan dipun babad déning mengsah;
mugi mengsah menika Paduka dhawahi
paukuman sarta Paduka tumpes!
17 (80-18) Umat ingkang sampun
Paduka pilih menika mugi Paduka reksa;
bangsa menika sampun Paduka rimati
ngantos kiyat.
18 (80-19) Mila kawula badhé mboten
sami murtad dhateng Paduka malih.
Kawula sami kalestantunaken gesang

supados kawula sami ngluhuraken asma
Paduka.
19 (80-20) Dhuh Allah, Ingkang
Mahakwasa, mugi ngetingalaken sih-
kawelasan Paduka, murih kawula sami
manggih wilujeng.

81 1 Anggitané Asaf kanggo
pemimpin penyanyi. Kaya laguné
kidung: Gitit. (81-2) Padha surak-suraka
kagem Allah, kekuwatan kita, padha
bungah-bungaha kagem Allahé Yakub.
2 (81-3) Padha memujia nganggo
masmur, dibarengi nabuh terbang karo
clempung kang laras laguné, lan karo
slukat.
3 (81-4) Ngunèkna slomprèt ing tanggal
sepisan, lan ing wulan purnama, ing dina
riaya kita.
4 (81-5) Sebab kuwi wis dadi prenatan
ing Israèl, wis ditetepaké dadi peraturan
déning Allahé Yakub.
5 (81-6) Lan dadi dhedhawuhan kanggo
umaté, nalika Panjenengané nggebag
tanah Mesir. Aku krungu swara sing ora
dakkenal, dhawuhé mengkéné,
6 (81-7) "Momotané wis Dakangkat
saka pundhaké, kranjang lan pikulané
wis Dakkon nyèlèhaké.

7 (81-8) Sajroning karubedan
kowé padha sesambat, mula banjur
Dakluwari. Panyuwunmu Daksembadani,
Dakwangsuli saka pandhelikan-Ku ing
samburiné gludhug. Kowé wis Dakcoba
ing sapinggiring sendhang Mériba.
8 (81-9) Hé umat-Ku, padha
ngrungokna, Aku arep ngélingaké
marang kowé. Hé Israèl, dhawuh-Ku
padha éstokna.
9 (81-10) Ing tengahmu aja ana allah
liya, kowé aja nyembah allah, sing dudu
allahmu.
10 (81-11) Mung Aku iki Pangéran,
Allahmu, kang ngentasaké kowé saka
tanah Mesir. Mangapa sing amba, nuli
bakal Dakleboni pangan nganti kowé
wareg.
11 (81-12) Nanging umat-Ku ora
ngrungokaké dhawuh-Ku, sarta Israèl
wegah ngéstokaké dhawuh-Ku.
12 (81-13) Banjur Dakuja supaya
nglakoni karepé atiné kang wangkot;
karebèn padha nindakaké apa sing
dirancang manut karepé dhéwé!
13 (81-14) Hé umat-Ku, padha
ngrungokna tembung-Ku. Hé Israèl,
padha uripa manut pituduh-Ku.

14 (81-15) Mungsuhmu sanalika
bakal Daktelukaké, sarta bakal padha
ngrasakaké antebé tangan-Ku.
15 (81-16) Wong sing sengit marang
Pangéran, bakal padha sujud ing
ngarsané, mengkono bakal nasibé ing
selawasé.
16 (81-17) Nanging umat-Ku bakal
Dakparingi mangan gandum sing becik
dhéwé, sarta madu saka watu karang,
nganti sawaregé."

82 1 Masmur anggitané Asaf. Allah
mimpin rapaté para allah,[m]
ndhawahaké putusané ing tengahé para
allah,
2 pangandikané, "Nganti pira lawasé
anggonmu ngadili sewenang-wenang,
lan ngéloni wong duraka?
3 Kowé padha nindakna keadilan
marang wong miskin lan bocah lola,
wong sing disiya-siya lan wong mlarat
bélanen wewenangé.
4 Mitulungana marang wong cilik lan
wong papa, luwarana saka tangané
wong duraka!"
5 Kebangeten temen bodhomu, déné
ora ngerti apa-apa. Kaananmu bobrok

---

[m]para allah: para hakim.

temen, lan ing bumi wis ora ana
keadilan.
6 Aku wis dhawuh mengkéné,
"Kowé kabèh iku allah, putrané Kang
Mahaluhur!
7 Nanging kowé bakal padha mati,
ora béda karo wong akèh, kowé bakal
mungkasi uripmu kaya para penggedhé
liyané."
8 Dhuh Allah, Paduka mugi jumeneng
ngadili tiyang salumahing bumi,
awit sakathahing para umat menika
kagungan Paduka.
83 1 Kidung masmur anggitané Asaf.
(83-2) Dhuh Allah, Paduka mugi
sampun kèndel kémawon, namung
thenguk-thenguk tanpa kumecap.
2 (83-3) Sebab para mengsah Paduka
sami mbrontak, ingkang sami sengit
dhateng Paduka sami gemedhé.
3 (83-4) Sami ngrancang badhé damel
piawon dhateng umat Paduka, lan sami
sarembag nglawan dhateng ingkang
Paduka ayomi.
4 (83-5) Wicantenipun, "Ayo padha
ditumpes, disirnakaké saka antarané
para bangsa, supaya jenengé Israèl ora
disebut menèh!"

5 (83-6) Saèstu sampun sami rembagan
lan saiyeg ngawontenaken prejanjian
nglawan dhateng Paduka.
6 (83-7) Tiyang Édom lan tiyang Ismaèl,
tiyang Moab lan tiyang Hagar.
7 (83-8) Tiyang Gebal, Amon lan tiyang
Amalèk, tiyang Filistéa lan tiyang Tirus.
8 (83-9) Semanten ugi tiyang Asyur
sedaya sampun ngempal dados
setunggal, ambiyantu bani Lot.
9 (83-10) Sedaya menika mugi sami
kadamela kados bangsa Midian,
kados Siséra, kados Yabin wonten ing
pinggiripun Lèpèn Kison,
10 (83-11) ingkang sampun
kasirnakaken ing Èn-Dhor, dados
rabuking siti.
11 (83-12) Para pengagengipun mugi
kadamela kados Orèb lan Zeèb, kados
Zébah lan Salmuna,
12 (83-13) kadamela mekaten sedaya
pengagengipun ingkang mungel, "Payo
kita padha ngenggoni Pedalemané
Allah!"
13 (83-14) Dhuh Allah, kawula, tiyang
menika sami Paduka awut-awut kados
bledug, kados mrambut kabur ing angin.

14 (83-15) Kados latu ingkang mbesmi
wana, kados pangalad-alading latu
ingkang mbesmi paredèn.
15 (83-16) Lajeng sami kasirepa déning
prahara, lan kadadosna giris déning
lésus Paduka.
16 (83-17) Sami nandhanga wirang lan
kanisthan, dhuh Allah, supados sami
ngupadosana asma Paduka.
17 (83-18) Sami nandhanga wirang
lan ajrih ing selaminipun, inggih
sami nandhanga kwirangan ngantos
sasirnanipun.
18 (83-19) Supados sami sumerepa
bilih Paduka menika ingkang asma Allah,
saha namung Paduka piyambak ingkang
kwaos ing salumahing bumi.

84

1 Masmur anggitané bani Korakh,
kanggo pemimpin penyanyi. Kaya
laguné kidung: Gitit, dibarengi nganggo
uniné clempung. (84-2) Dhuh Allah
Ratuning jagad, saiba kesengseming
manah kawula dhateng Pedaleman
Paduka.
2 (84-3) Nyawa kawula ngengleng margi
saking kangen dhateng Plataranipun
Allah. Raga lan sukma kawula kalayan

bingah sami ngajeng-ajeng dhateng
Allah ingkang gesang.
3 (84-4) Peksi gréja kémawon sami
damel susuh ing Pedaleman Paduka,
peksi kedhali sami gadhah panggènan
kanggé nyèlèhaken anakipun, celak
kaliyan mesbèh Paduka, dhuh Allah,
Ratuning jagad, inggih Ratu kawula lan
Allah kawula.
4 (84-5) Rahayu tiyang ingkang
manggèn wonten ing Pedaleman Paduka,
lan tansah ngluhuraken Paduka.
5 (84-6) Rahayu tiyang ingkang nampi
kekiyatan saking Paduka, ingkang sami
kepéngin jiarah dhateng Gunung Sion.
6 (84-7) Samasa lampahipun dumugi
Lembah Baka, lembah wau dados kados
siti ingkang kebak tuk, inggih kados
jawah kawitan ing mangsa rendheng,
ingkang mbekta berkah.
7 (84-8) Lampahipun saya dangu saya
rosa, ngantos dumugi ing Sion; sedaya
lajeng sami sowan ing ngarsanipun
Allah.
8 (84-9) Dhuh Allah, Allahé langit lan
bumi, mugi miyarsakaken pandonga
kawula; mugi nilingaken, dhuh Allahipun
Yakub!

9 (84-10) Dhuh Allah, tetamèng kawula,
Paduka mugi kersa mirsani pasemonipun
raja ingkang Paduka jebadi!
10 (84-11) Saèstunipun manungsa
sedinten kémawon wonten ing Plataran
Paduka, menika langkung sekéca
ketimbang kaliyan sèwu dinten wonten
ing panggènan sanès. Langkung sekéca
tengga kori ing Pedalemanipun Allah
kawula, ketimbang kaliyan manggèn
wonten griyanipun tiyang duraka.
11 (84-12) Gusti Allah iku tetamèng
lan kaluhuranku, Panjenengané kang
paring sih-rahmat lan kamulyan. Wong
kang lakuné kalawan temen mesthi
kaparingan samubarang kang becik.
12 (84-13) Dhuh Allah, Ratuning
jagad, rahayu tiyang ingkang pitados
dhumateng Paduka.

85

1 Masmur anggitané Korakh,
kanggo pemimpin penyanyi.
(85-2) Dhuh Allah, Paduka sampun
maringaken sih-palimirma dhateng
negari menika, sarta kawontenanipun
Yakub sampun Paduka pulihaken.
2 (85-3) Panerakipun umat Paduka
sampun Paduka apunten, dosanipun
sedaya sampun Paduka aling-alingi.

3 (85-4) Bentèring penggalih Paduka
sampun Paduka sirep. Paukuman Paduka
ingkang mulad-mulad sampun Paduka
lilihaken.
4 (85-5) Dhuh Allah ingkang mengku
kabegjan kawula, kawula mugi
sami Paduka pulihaken, saha mugi
ngèndelaken gerahing penggalih Paduka
dhumateng kawula.
5 (85-6) Menapa kawula badhé Paduka
ukum ing selaminipun, gerahing
penggalih Paduka menapa badhé
kalajengaken ngantos turun-temurun?
6 (85-7) Paduka menapa mboten kersa
ngiyataken kawula malih, supados umat
Paduka sageda bingah awit saking
Paduka?
7 (85-8) Dhuh Allah, kawula mugi sami
Paduka tedahi sih-kamirahan Paduka,
sarta mugi kaparingan pitulungan
Paduka.
8 (85-9) Dakrungokaké apa kang dadi
pangandikané Pangéran, Panjenengané
prejanji maringi tentrem-rahayu marang
kita, umat kagungané, lan marang wong
kang padha dikasihi, supaya aja padha
bali kesasar menèh.

9 (85-10) Satemené pitulungané
Pangéran marang wong kang nyaosi
pangabekti kuwi cepak, supaya tanah
kita kaparingan kabegjan saka ngarsané.
10 (85-11) Katresnan lan kasetyan
bakal mlaku bebarengan, keadilan lan
tentrem-rahayu bakal gathuk.
11 (85-12) Wong ing bumi bakal
nduwèni kasetyan, sarta keadilan bakal
njangkung saka swarga.
12 (85-13) Allah bakal maringaké
samubarang kang becik, sarta
palemahan kita bakal metu hasilé.
13 (85-14) Kabeneran bakal ndhisiki
tindaké Allah, lan ngrata dalan sing arep
diambah.

86 1 Pandonga anggitané Dawud.
Paduka mugi kersa nilingaken
saha nyembadani panyuwun kawula,
margi kawula nandhang sangsara lan
kekirangan.
2 Nyawa kawula mugi Paduka reksa,
margi kawula menika kekasih Paduka.
Kawula mugi Paduka pitulungi, margi
kang abdi pitados dhateng Paduka.
3 Paduka menika Allah kawula, kawula
mugi Paduka welasi, sebab sedinten
muput Paduka ingkang kawula sambati.

4 Mugi kersa mbingahaken manahipun
abdi Paduka, dhuh Pangéran, sebab
dhateng Paduka kawula ngunjukaken
pandonga kawula.
5 Sebab Paduka, dhuh Allah, Paduka
rena lan kersa ngapunten, sih-pitulungan
Paduka menika lubèr dhateng sedaya
tiyang ingkang sesambat dhateng
Paduka.
6 Dhuh Allah, mugi kersa nilingaken
pandonga kawula, lan miyarsakaken
swantening panyuwun kawula.
7 Ing dinten karibedan, kawula
nyenyuwun dhateng Paduka, sebab
Paduka njurungi panyuwun kawula.
8 Dhuh Allah, mboten wonten allah
ingkang nyamèni Paduka, lan mboten
wonten ingkang makarya kados ingkang
Paduka tindakaken.
9 Dhuh Pangéran, sakathahipun para
umat ingkang Paduka titahaken, badhé
sami sowan sujud wonten ing ngarsa
Paduka, sarta nyaosi urmat dhumateng
Paduka.
10 Sebab Paduka menika Mahaluhur,
ingkang nindakaken kaélokan, inggih
namung Paduka piyambak, dhuh Allah.

11 Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
tedahi margi Paduka, supados lampah
kawula leres lan manuta ing pangrèh
Paduka; mugi pengangen-angen kawula
sawetahipun mindeng[n] ing pangabekti
dhateng Paduka.
12 Dhuh Pangéran, Allah kawula, Paduka
badhé kawula puji kalawan gumolonging
manah, saha asma Paduka badhé kawula
luhuraken ing selaminipun.
13 Margi agung sih-kadarman Paduka
dhateng kawula, sarta kawula sampun
Paduka entasaken saking panggènanipun
tiyang pejah ingkang lebet piyambak.
14 Dhuh Allah, tiyang-tiyang angkuh
sami ngroyok kawula, lan grombolanipun
tiyang ambek siya sami kepéngin mejahi
kawula, sami kesupèn dhateng Paduka.
15 Nanging, dhuh Allah, Paduka menika,
Allah ingkang welasan, asih lan sabar.
16 Paduka mirsanana kawula kanthi
kawelasan, abdi Paduka mugi
kaparingana kekiyatan Paduka,
margi kawula ngabdi dhateng Paduka,
kados biyung kawula ngabdi dhateng
Paduka.

---

[n]mindeng: tekun (bhs. Ind.).

17 Dhuh Allah, kawula mugi kaparingana
pretandhaning kasaénan Paduka,
supados tiyang ingkang sami sengit
dhateng kawula sami kisinan, margi
Paduka sampun mitulungi kawula saha
nglipur dhateng kawula.

87 1 Masmur anggitané bani Korakh.
Allah mbangun kuthané ana ing
gunung suci;
2 Allah ngasihi kutha Yérusalèm,
ngungkuli kutha-kutha Israèl liyané.
3 Hé kuthané Allah, akèh prekara-
prekara becik sing misuwur ana ing
tengahmu.
4 Aku nyebut Mesir lan Babil ing
antarané wong-wong kang padha
nganggep marang Aku. Semono uga
Filistéa, Tirus lan Étiopia iku lairé padha
ana ing Sion.
5 Mungguh Sion, bakal kawartakaké;
sakèhé bangsa iku asalé saka Sion, lan
Panjenengané, Kang Mahaluhur, iku kang
gawé sentosané bangsa-bangsa mau.
6 Gusti Allah nyathet sakèhé bangsa-
bangsa lan kabèh kepétung dadi wargané
Yérusalèm.

7 Kabèh bakal padha memuji lan
jejogèdan karo muni mengkéné, "Sion
kuwi etuking sakèhing berkah kita."
88 1 Kidung masmur anggitané
bani Korakh, kanggo pemimpin
penyanyi. Laguné kaya: Makhalat
Léanot. Kidung piwulangé Héman, wong
Ézrahi. (88-2) Dhuh Allah, Juru Wilujeng
kawula, kawula sesambat dhateng
Paduka sedinten muput. Ing wanci dalu
kawula sowan ing ngarsa Paduka.
2 (88-3) Pandonga kawula mugi Paduka
piyarsakaken, pesambat kawula nyuwun
tulung mugi Paduka tilingaken.
3 (88-4) Kasisahan kawula sampun
matumpuk-tumpuk, lan kawula sampun
celak kaliyan ajal kawula.
4 (88-5) Kawula kaanggep kados tiyang
ingkang sampun badhé mlebet ing
luwenging kubur, daya kekiyatan kawula
sampun telas.
5 (88-6) Kawula badhé manggèn
ing antawisipun tiyang kathah, awor
kaliyan tiyang-tiyang ingkang pejah ing
peprangan, inggih tiyang-tiyang ingkang
sampun mboten Paduka èngeti malih,
ingkang kapethal saking pitulungan
Paduka.

[6] (88-7) Kawula sampun Paduka
sèlèhaken wonten ing dhasaripun
kuburan ing telenging pepeteng.
[7] (88-8) Paduka sampun nindhihi
kawula srana paukuman Paduka,
ngantos kawula kagiles déning alunipun.
[8] (88-9) Tiyang-tiyang ingkang tepang
kaliyan kawula sampun sami Paduka
tebihaken saking kawula, margi sampun
sami éwa dhateng kawula. Kawula
katutup ngantos mboten saged oncat.
[9] (88-10) Mripat kawula pendul déning
tangising kasangsaran, dhuh Allah,
saben dinten kawula sesambat dhateng
Paduka, sarta ngegaraken tangan
kawula, ndedonga.
[10] (88-11) Paduka menapa badhé
nindakaken kaélokan kanggé tiyang
pejah? Tiyang pejah menapa badhé tangi
sarta memuji dhateng Paduka?
[11] (88-12) Sih Paduka menapa badhé
kacariyosaken wonten ing kubur?
Kasetyan Paduka menapa badhé
kawartosaken ing papaning karisakan?
[12] (88-13) Kaélokaning pangwasa
Paduka menapa badhé kasumerepan
wonten ing pepetenging pejah, lan

kesaénan Paduka wonten ing alamipun
tiyang ingkang sami kasupèkaken?
13 (88-14) Nanging tumraping kawula,
dhuh Allah, kawula badhé sesambat
dhateng Paduka, lan saben énjing
kawula ngunjukaken pandonga dhateng
Paduka.
14 (88-15) Dhuh Allah, kénging menapa
kawula Paduka tampik, sarta Paduka
singkur?
15 (88-16) Wiwit alit mila kawula
nandhang sangsara ngantos badhé
pejah; kawula semplah margi
ngraosaken awrating paukuman Paduka.
16 (88-17) Bentèring paukuman Paduka
mbrongot kawula, ngantos kawula
remuk margi déning ajrih dhateng
Paduka.
17 (88-18) Menika sedaya ngepang
kawula sedinten muput kados toyaning
banjir, ngantos kawula mboten saged
oncat.
18 (88-19) Kanca-kanca kawula ingkang
celak, Paduka tebihaken saking kawula,
namung pepeteng ingkang ngancani
kawula.

89 1 Kidung isi piwulang anggitané
Étan wong Ézrahi. (89-2) Dhuh

Allah, sih-kawelasan Paduka badhé
kawula kidungaken ing selaminipun,
kasetyan Paduka badhé kawula
cariyosaken tanpa kendhat.
2 (89-3) Sih Paduka menika langgeng
ing selaminipun, lan kasetyan Paduka
menika tetep kados langit.
3 (89-4) Paduka ngandika, "Aku damel
prejanjian karo pilihan-Ku; Aku wis
supaos marang abdi-Ku Dawud:
4 (89-5) ‘Anak-turunmu selawasé
bakal dadi raja; kratonmu bakal madeg
selawas-lawasé.’"
5 (89-6) Dhuh Allah, swarga
ngluhuraken kaélokanipun pangwasa
Paduka, sarta kasetyan Paduka pinuji-
puji ing satengahing pasamuwanipun
para suci.
6 (89-7) Ing langit sapa sing ngimbang
Allah, ing swarga sapa sing madhani
Panjenengané?
7 (89-8) Ing kalanganė para suci, Allah
kang diurmati lan diajrihi ngungkuli
sakèhé para kang ngiring Panjenengané.
8 (89-9) Dhuh Allah, Allahipun langit lan
bumi, sinten ingkang nyamèni Paduka?
Paduka menika Mahakwasa, lan setya
ing sedhéngah prekawis.

9 (89-10) Samodra ingkang ngédab-
édabi menika Paduka ingkang ngerèh,
samasa ombakipun mumbul, inggih
Paduka ingkang ngedhakaken.
10 (89-11) Rahab ingkang nggegirisi
sampun Paduka remuk ngantos setengah
pejah, kalayan asta ingkang rosa Paduka
sampun mbuyaraken mengsah Paduka.
11 (89-12) Langit menika kagungan
Paduka, mekaten ugi bumi, jagad lan
saisènipun menika Paduka ingkang
nalesi.
12 (89-13) Lèr kaliyan Kidul Paduka
ingkang nitahaken, Gunung Tabor lan
Gunung Hèrmon sami memuji asma
Paduka.
13 (89-14) Iba agenging pangwaos
Paduka! Kekiyatan Paduka èstu
ngédab-édabi.
14 (89-15) Pangrèh Paduka menika
kadhasaran kaleresan lan keadilan,
katresnan lan kasetyan tansah ketingal
ing sedaya pendamel Paduka.
15 (89-16) Begja bangsa ingkang
ngabekti dhateng Paduka mawi
kekidungan, ingkang sami gesang
wonten ing cahyaning wedana[o] Paduka.

---

[o]wedana: pasuryan. (Tembungipun limrah: rai).

16 (89-17) Sami bingah-bingah sedinten
muput margi saking kesaénan ingkang
Paduka paringaken.
17 (89-18) Paduka sampun paring
kemenangan ageng, lan sih Paduka
damel rosa kawula.
18 (89-19) Dhuh Allah, tetamèng
kawula menika kagungan Paduka, lan
ratu kawula menika peparing Paduka,
Ingkang Mahasuci.
19 (89-20) Kala rumiyin Paduka naté
ngandika srana wahyu dhateng tiyang
ingkang Paduka kasihi, "Aku wis paring
dhamparé keprabon marang sawijining
wong prewira, wong pilihan, kang
Dakjunjung saka ing antarané wong
sabangsa.
20 (89-21) Dawud abdi-Ku wis
Dakdadèkaké raja, Dakjebadi nganggo
lenga pilihan-Ku.
21 (89-22) Wong kuwi bakal tansah
Dakreksa srana kekuwatan-Ku, asta-Ku
bakal damel kuwat sentosané.
22 (89-23) Dhèwèké bakal ora
dikalahaké déning mungsuh, lan wong
duraka ora bakal bisa nelukaké dhèwèké.

23 (89-24) Mungsuhé bakal Dakremuk
ana ing ngarepé, lan wong sing sengit
marang dhèwèké bakal Dakpatèni.
24 (89-25) Sih lan kasetyan bakal
nunggil karo wong mau, lan bakal tansah
Dakparingi kemenangan.
25 (89-26) Kratoné bakal
Dakjembaraké, saka Segara Tengah
tekan Bengawan Éfrat.
26 (89-27) Wong mau bakal nyebut
Aku mengkéné, ‘Paduka menika Rama
kawula, Allah saha bètèngé kawilujengan
kawula.’
27 (89-28) Dhèwèké bakal Dakangkat
dadi putra-Ku mbarep, lan ratu sing
luhur dhéwé ing antarané para ratu.
28 (89-29) Janjian-Ku karo wong kuwi
bakal Daktetepi lan janji-Ku mau bakal
langgeng ing selawasé.
29 (89-30) Kratoné bakal madeg ing
selawasé, anak-turuné mesthi ana sing
dadi raja.
30 (89-31) Nanging menawa anak-
turuné nyingkur Aku, lan ora mbangun-
turut marang Aku,
31 (89-32) menawa padha nglanggar
dhawuh-Ku, lan ora netepi prenatan-Ku,

32 (89-33) bakal padha Dakwales
nganggo gitik lan durakané Daksiksa
srana paukuman.
33 (89-34) Nanging sih-kamirahan-Ku
bakal ora Daksingkiraké saka wong mau,
lan sih-kasetyan-Ku bakal ora Daksélaki.
34 (89-35) Prejanjian-Ku bakal ora
Dakbubrah, lan apa kang miyos saka
tutuk-Ku bakal ora Dakéwahi.
35 (89-36) Sepisan Aku wis supaos
demi kasucèn-Ku, mesthi Aku ora goroh
marang Dawud.
36 (89-37) Anak-turuné bakal ora
entèk-entèk, lan dhamparé bakal ana
ing ngarsa-Ku kaya srengéngé.
37 (89-38) Kaya rembulan kang
selawasé ana, dadi seksi ing langit sing
setya tuhu."
38 (89-39) Nanging Paduka nampik
dhateng ratu ingkang Paduka pilih
piyambak; piyambakipun Paduka tilar
lan Paduka singkur.
39 (89-40) Prejanjian Paduka kaliyan
piyambakipun Paduka bibrah;
makuthanipun Paduka bucal ing
lendhut.

40 (89-41) Témbok-témboké kithanipun
Paduka rebahaken, bètèng-bètèngipun
Paduka jugrugaken.
41 (89-42) Tiyang ingkang langkung
sami mendheti barang-darbèkipun;
piyambakipun dados pepoyokaning
tangga-tepalihipun.
42 (89-43) Para satrunipun Paduka
paringi kemenangan, sakathahing
mengsahipun sami Paduka dadosaken
bingah.
43 (89-44) Dedamelipun Paduka damel
tanpa gina, lan piyambakipun Paduka
tégakaken kawon perang.
44 (89-45) Kaluhuranipun Paduka
damel surem, lan dhamparipun Paduka
rebahaken.
45 (89-46) Umuripun Paduka damel
cekak, lan Paduka kemuli srana
kanisthan.
46 (89-47) Dhuh Allah, ngantos pinten
laminipun enggèn Paduka wonten ing
pandhelikan? Sarta paukuman Paduka
enggènipun murub kados latu?
47 (89-48) Paduka mugi ènget, gesang
kawula menika sepinten dangunipun,
menapa tanpa damel enggèn Paduka
nitahaken sakathahing manungsa?

48 (89-49) Menapa wonten tiyang
gesang ingkang mboten badhé ngalami
pejah? Utawi sinten ingkang saged
nguwalaken nyawanipun saking kubur?
49 (89-50) Dhuh Pangéran, pundi
buktinipun sih-kadarman Paduka kala
semanten? Ingkang Paduka janjèkaken
kalayan supaos dhateng Dawud, demi
kasetyan Paduka?
50 (89-51) Dhuh Pangéran, Paduka
mugi ngèngeti abdi Paduka anggènipun
dipun poyoki, lan kawirangan ingkang
kawula sandhang saking para bangsa.
51 (89-52) Dhuh Allah, para mengsah
Paduka sami nyenyamah ratu ingkang
Paduka jebadi; panjenenganipun
dipun poyoki dhateng pundi kémawon
purugipun.
52 (89-53) Pinujia Allah, langgeng
selawasé! Amin!

90 1 Pandongané Musa, abdiné Allah.
Dhuh Allah, Paduka menika dados
pangungsèn kawula turun-temurun.
2 Sadèrèngipun redi-redi katitahaken,
inggih sadèrèngipun Paduka
ngawontenaken bumi lan alam
jembar, wiwit kelanggengan dumugi
kelanggengan, Paduka jumeneng Allah.

3 Paduka mangsulaken manungsa dados
lebu, mawi dhawuh, "Hé manungsa,
balia!"
4 Sebab ing ngatasipun paningal Paduka
sèwu taun sami kaliyan dinten wingi
ingkang kepengker, utawi kados gilirané
tiyang jagi ing wanci dalu.
5 Kawula presasat Paduka kéntiraken
ing toya, umur kawula laminipun
presasat tiyang ngimpi, kados rumput
ingkang tuwuh,
6 ing wanci énjing seger lan ngedalaken
sekar, ing wanci sonten sampun garing.
7 Kawula sami sirna margi saking
bebendu Paduka, lan margi ajrih dhateng
paukuman Paduka.
8 Dosa kawula Paduka bèbèr ing ngarsa
Paduka, mekaten ugi piawon kawula
ingkang samar, Paduka soroti mawi
cahyaning wedana Paduka.
9 Gesang kawula sadinten-dinten dados
cekak, margi saking bentèring penggalih
Paduka; taun-taun kawula telas kawula
anggé sesambat.
10 Laminipun umur kawula nyandhak
pitung dasa taun, lan menawi kawula
kiyat wolung dasa taun. Mangka namung
kathah pakèwed lan kasisahanipun;

umur kawula namung sekedhap, kawula
lajeng sirna.
11 Sinten ingkang kiyat nyanggi
ampuhing paukuman Paduka? Sinten
ingkang mboten ajrih dhateng mulading
deduka Paduka?
12 Kawula mugi Paduka wulang ngétang
dinten kawula ing saleresipun, supados
sami angsala manah ingkang wicaksana.
13 Dhuh Pangéran, Paduka mugi kersa
mangsuli kawula, ngantos mbénjing
menapa, mugi Paduka melasi dhateng
para abdi Paduka.
14 Ing wanci énjing kawula mugi sami
katuwukan ing sih-kadarman Paduka,
ngantos badhé bingah-bingah selami
kawula gesang.
15 Kawula mugi Paduka paringi
kabingahan ingkang ngimbangi sepinten
laminipun anggèn Paduka ngganjar
karibedan, saha sepinten taun laminipun
anggèn kawula nandhang sangsara.
16 Pakaryan Paduka mugi kasumerepna
dhateng para abdi Paduka, saha
kaluhuran Paduka ketingala dhateng
anak-putunipun.
17 Sih lan kasetyanipun Allah mugi
ngayomi kawula, saha Paduka mugi

mberkahi pendamelaning tangan kawula,
inggih pendamelaning tangan kawula
mugi kalestantunna.

91 1 Wong sing ngungsi marang
Kang Mahaluhur iku manggon ing
pangayomané Kang Mahakwasa.
2 Wong mau aturé marang Allah
mengkéné, "Paduka pangungsèn saha
bètèng kawula, Allah ingkang kawula
andelaken."
3 Pangéran bakal nguwalaké kowé saka
bebaya kang ora kokweruhi asalé, lan
saka lelara sing mbilaèni.
4 Kowé bakal dikemuli déning Pangéran
srana swiwiné, mula bakal slamet ana
ing pangreksané. Kasetyané Pangéran
iku tamèng lan bètèngmu.
5 Kowé ora susah kuwatir marang
bebaya ing wayah bengi, utawa serangan
dadakan ing wayah awan.
6 Ora susah kuwatir marang lelara sing
teka ing wayah bengi, utawa marang
bebaya pati ing wayah soré.
7 Senajan ing sandhingmu éwon wong
sing mati, lan ing tengenmu cacahé
leksan pisan, kowé dhéwé bakal ora
nganti ketaman.

8 Kowé dhéwé mung ngingetaké, carané
wong duraka padha diwales.
9 Merga Allah iku pangungsènmu, lan
Kang Mahaluhur iku pengayomanmu.
10 Kowé bakal ora ketaman ing bilai, lan
ora ana bebaya kang nyedhaki omahmu.
11 Merga Pangéran bakal ngutus
malaékaté, padha didhawuhi ngreksa
marang kowé ana ing separan-paranmu.
12 Kowé bakal ditadhahi ing astané,
supaya aja nganti kesandhung ing watu.
13 Singa lan ula bedhudhak bakal
kokidak-idak, singa lan ula naga bakal
padha kokiles-iles.
14 Allah ngandika, "Sarèhné rumaket
karo Aku, mulané bakal Dakpitulungi,
bakal Dakreksa, awit padha weruh
asma-Ku.
15 Saben ndedonga marang Aku, bakal
Daksembadani, sajroning karubedan
Aku cedhak karo wong mau.
16 Malah bakal Dakentasaké sarta
Dakluhuraké, Dakparingi umur dawa,
lan Aku bakal ngétokaké kamirahan-Ku
marang wong mau."

92 1 Kidung masmur kanggo ing dina
Sabbat. (92-2) Iba bingahipun
tiyang samasa memuji dhateng Allah, lan

saos kidung masmur dhateng Paduka,
dhuh Allah, Ingkang Mahaluhur!
2 (92-3) Iba saénipun nyriyosaken
sih-kadarman Paduka ing wanci énjing,
tuwin kasetyan Paduka ing wanci dalu,
3 (92-4) kaliyan ngungelaken gitar lan
slukat, tuwin clempung.
4 (92-5) Awit Paduka dhuh Allah,
sampun damel bingahing manah kawula,
kalayan pakaryan Paduka ingkang élok.
Margi saking pendameling asta Paduka
tiyang sami suka-rena.
5 (92-6) Dhuh Allah, iba élokipun
pakaryan Paduka, saklangkung lebet
penggalih Paduka.
6 (92-7) Tiyang tanpa budi badhé
mboten mangertos bab menika,
sarta tiyang keblinger inggih mboten
ngraosaken.
7 (92-8) Menawi tiyang duraka
ngambra-ambra kados rumput, tiyang
ingkang nglampahi piawon tuwuh
kalayan subur, menika supados sami
katumpes ing selaminipun;
8 (92-9) nanging Paduka, dhuh Allah,
tetep jumeneng ing selaminipun.
9 (92-10) Kawula sami mangertos,
bilih mengsah Paduka, inggih tiyang

ingkang sami nyatru Paduka, badhé sami
manggih karisakan; sakathahing tiyang
ingkang nglampahi piawon badhé sami
kabuyaraken.
10 (92-11) Nanging kawula badhé
Paduka paringi kekiyatan kados
banthèng jaler, sarta Paduka berkahi
kalayan kabegjan.
11 (92-12) Kawula sumerep satru
kawula sami kakawonaken, lan mireng
pesambatipun para tiyang duraka.
12 (92-13) Wong mursid tuwuhé subur
kaya wit kurma, ndrebala[p] kaya wit
sédar ing Libanon.
13 (92-14) Ngrembuyungé kaya wit
kang katandur ana ing Pedalemané
Allah, tuwuhé kaya ana ing Platarané
Allah.
14 (92-15) Tutug umuré tuwa isih
ngetokaké woh, padha katon seger lan
kuwat.
15 (92-16) Kabèh mau mratélakaké yèn
Allah iku adil, lan ora ana cacadé.

93 1 Allah jumeneng Raja,
Panjenenganė ngagem busana
kamulyan, ngagem peningset[q]

---

[p]ndrebala: ngrebda: ngambra-ambra.
[q]peningset: sabuk..

pangwasa. Mulané jagad didhasari
kanthi kukuh, lan ora bakal gonjing.
2 Dhampar Paduka menika sentosa
wiwit rumiyin mila, Paduka menika tanpa
wiwitan.
3 Dhuh Allah, samodra nyuwanten saya
sora, swantenipun saya gemuruh.
4 Pepréntahané Allah luhuré ngungkuli
jumeguré ombak, ngungkuli gemuruhing
alun segara.
5 Dhuh Allah, dhawuh Paduka menika
langgeng, lan Pedaleman Paduka menika
èstu suci ing selami-laminipun.

94 1 Dhuh Allah ingkang
ndhawahaken piwales, inggih
Allah ingkang males piawon; mugi
rawuh.
2 Dhuh Hakimipun salumahing bumi,
mugi kersa jumeneng, mugi ndawahaken
pemales dhateng tiyang angkuh.
3 Ngantos pinten laminipun, dhuh
Allah, ngantos pinten dangunipun tiyang
duraka sami bingah-bingah?
4 Sarta wicanten kalayan deksura,[r]
sarta tiyang ingkang nglampahi piawon
tansah gemunggung?

---

[r]deksura: kasar, ,kumawantun.

5 Dhuh Allah, umat Paduka sami dipun
iles-iles, bangsa kagungan Paduka dipun
aniaya.
6 Randha lan tiyang ngamanca sami
dipun pejahi, laré lola sami dipun
tindhes.
7 Kalayan criyos mekaten, "Allah ora
pirsa lan Allahé Yakub ora menggalih."
8 Hé bangsaku, koksemono asoring
budimu! Pira lawasé anggonmu bakal
dadi pinter?
9 Allah kang yasa kuping, apa ora
miyarsa, kang nitahaké mripat, apa ora
pirsa?
10 Allah kang ngajar para umat, apa
ora bakal ndhawahaké paukuman?
Panjenengané kang dadi guruné para
manungsa, apa Panjenengané ora
kagungan kawruh?
11 Allah pirsa atiné manungsa,
Panjenengané pirsa yèn sing dipikir
manungsa kuwi ora teges.
12 Dhuh Allah, iba begjanipun tiyang
ingkang Paduka welèhaken, ingkang
Paduka wulang Torèt,
13 supados sami ayem ing salebetipun
nandhang karibedan, ngantos dumugi
tiyang duraka kakubur.

14 Gusti Allah ora négakaké umaté, lan
ora nilar marang bangsa kagungané.
15 Keadilan bakal dibalèkaké menèh, lan
bakal diturut déning sakèhé wong sing
atiné temen.
16 Sapa sing ngréwangi aku nglawan
wong sing nganiaya? Sapa sing mbantu
aku nglawan wong sing nglakoni piala?
17 Yèn ajaa dipitulungi déning Allah, aku
wis mati.
18 Nalika tuwuh gagasan kawula, "Aku
arep tiba," sih-kasetyan Paduka, dhuh
Allah, lajeng nyanggi kawula.
19 Menawi manah kawula was-was lan
kuwatos, Paduka nglipur lan nglejaraken
manah kawula.
20 Paduka mboten nunggil kaliyan
hakim ingkang murang susila, ingkang
ndhoyongaken pengadilan,
21 ingkang sami sarujuk ndhatengaken
bilai dhateng tiyang mursid, lan ngukum
pejah tiyang ingkang mboten lepat.
22 Nanging Allah mbélani aku,
Panjenengané dadi bètèngku kang
sentosa.
23 Panjenengané bakal malesaké
piala kang padha dilakoni, lan bakal
nyirnakaké wong-wong mau merga

saka penggawéné dhéwé sing ora becik.
Pangéran Allah kita bakal numpes
wong-wong mau.

95 1 Ayo padha nyaosaké kidungé
kabungahan marang Allah, padha
memujia marang Bètèng pengayoman
kita.
2 Ayo padha methukaké Panjenengané
sarta ngluhuraké lan ngidungaké
masmur, kanthi bungah, konjuk marang
Panjenengané.
3 Sebab Pangéran iku Allah kang luhur,
sarta Raja kang agung, ngungkuli sakèhé
para déwa.
4 Panjenengané mengku salumahing
bumi, astané nggayuh jurang sing
jero dhéwé tekan pucaké gunung sing
dhuwur dhéwé.
5 Panjenengané ngerèh segara,
damelané astané, semono uga dharatan
sing dititahaké.
6 Ayo padha tumungkul sujud, padha
jèngkèng ing ngarsané Allah kang
nitahaké kita.
7 Sebab Panjenengané iku Allah kita,
kita padha umat ngèn-ngènané, wedhus
rèh-rèhané astané. Ing dina iki muga
kowé padha ngrungokaké swarané!

8 "Kowé aja padha nggugu karepmu
dhéwé kaya dhèk nalika ana ing Mériba,
kaya nalika ana ing ara-ara samun ing
Masa.
9 Nalika semono para leluhurmu
padha nyoba marang Aku, lan njajal
marang Aku, senajan padha ndeleng
pakaryan-Ku.
10 Patang puluh taun lawasé enggon-Ku
cuwa ing penggalih ing ngatasé umat
mau, mulané Aku ngandika, ‘Bangsa
iki atiné dhemen nasar, lan padha ora
weruh dalan sing Dakkersakaké.’
11 Mulané Aku wis supaos sajroning
paukuman-Ku, ‘Mesthi padha ora kena
mlebu ing tanah sing Dakprasetyakaké
kanggo pengasoané.’"

96 1 Padha ngidungna kaluhurané
Allah nganggo kidung anyar!
Hé salumahé bumi, padha ngidungna
kaluhurané Allah!
2 Padha ngidungna kaluhurané Allah,
padha saosa puji marang asmané.
Peparingé katentreman iku wartakna ing
sedina-dina.
3 Padha nyritakna kaluhurané ana ing
antarané para bangsa, lan kaélokané
ana ing antarané sakèhé para umat.

4 Awit Allah iku Mahaagung lan pantes
dipuji-puji, pantes kinurmatan ngungkuli
sakèhé para déwa.
5 Sebab sakèhé déwané para bangsa
kuwi dudu Allah, nanging Allah sing
nitahaké langit.
6 Panjenengané kagungan kamulyan lan
kaluhuran, prabawa lan kaéndahan ana
ing pasucèné.
7 Hé para bangsa, Allah piyambak,
ya Panjenengané piyambak kasaosana
kamulyan lan pangwasa.
8 Pangéran saosana kaurmataning
asmané, padha nggawaa pisungsung lan
mlebua ing platarané!
9 Padha sujuda marang Allah, nganggo
sandhangan kasucèn. Padha gemetera
ana ing ngarsané, hé salumahé bumi
kabèh.
10 Sakèhé bangsa padha kandhanana,
"Allah jumeneng Raja! Jagad kadhasaran
kanthi sentosa, ora bakal gonjing.
Panjenengané bakal ngakimi bangsa-
bangsa kalawan adil."
11 Hé langit lan bumi, padha bungaha!
Segara lan apa sing ana ing njeroné
padha gemuruha.

12 Ara-ara samun padha bungaha,
semono uga apa sing ana ing kono
kabèh. Wit-witan ing alas bakal padha
surak-surak merga bungah.
13 Merga Panjenenganè rawuh arep
ngakimi bumi. Panjenengané bakal
ngakimi jagad kalawan adil, lan
bangsa-bangsa kalayan kasetyané.

97

1 Gusti Allah jumeneng Ratu! Hé
bumi, surak-suraka! Hé pulo-pulo,
padha suka-renaa!
2 Panjenengané kalimputan ing
mendhung lan pepeteng; kabeneran lan
keadilan dadi dhasaring pepréntahané.
3 Geni ndhisiki tindaké, ngobongi
satruné kabèh.
4 Bledhègé madhangi sajagad;
salumahing bumi ndeleng mula gemeter.
5 Gunung-gunung padha ajèr presasat
malam ana ing ngarsané Allah, ing
ngarsané Gustiné salumahing bumi.
6 Langit mratélakaké keadilané, sarta
sakèhé para bangsa padha weruh
kaluhurané.
7 Sakèhé wong kang ngabekti marang
reca nandhang kwirangan, iya sing
padha ngalembana marang brahala.

Sakèhé para déwa sujud nyembah
marang Panjenengané.
8 Umat ing Sion krungu wartané, mula
padha bungah, kutha-kutha ing Yéhuda
padha suka-rena, awit saking paukuman
Paduka, dhuh Allah.
9 Déné Paduka menika Allah Ingkang
Mahaluhur, ingkang mengku salumahing
bumi; Paduka ngungkuli sakathahing
para déwa.
10 Hé para wong kang tresna marang
Allah, padha sengita marang piala!
Panjenengané ngreksa nyawané wong
sing dikasihi, padha diuwalaké saka
tanganė wong duraka.
11 Wong mursid padha kasunaran
pepadhang, wong sing temen atiné
padha kaparingan kabungahan.
12 Hé para wong mursid, padha
bungaha merga apa sing katindakaké
déning Allah. Padha saosa sokur marang
asmané kang suci.

98 1 Masmur. Padha ngidungna
kaluhurané Allah nganggo kidung
anyar, merga pakaryané sing élok. Srana
pangwasané lan kasektèné piyambak
kang suci Panjenengané nedahaké
kaunggulané.

2 Pangéran wis nggiyaraké pitulungané;
lan mbabaraké keadilané ana ing
ngarepané para umat.
3 Panjenenganané netepi janjiné marang
umat Israèl, apa déné salumahé bumi
wis weruh pitulungané Allah kita.
4 Hé salumahé bumi, padha memujia
marang Allah, padha bungah-bungaha,
padha surak-suraka, lan padha
ngidungna masmur!
5 Padha ngidungna masmur kagem
Allah, dibarengi uniné clempung, uniné
clempung lan nyanyian kanthi sora.
6 Dibarengi swarané nafiri lan slomprèt,
padha surak-suraka ana ing ngarsané
Allah!
7 Karebèn segara lan saisiné gemuruh,
mengkono uga jagad lan kang padha
ngenggoni.
8 Karebèn kali-kali padha keplok-
keplok, lan gunung-gunung padha
bungah-bungah ana ing ngarsané Allah.
9 Sebab Panjenenganané rawuh ngadili
bumi, sajagad bakal diadili kanthi adil,
uga para bangsa kalayan kabeneran.

99 1 Allah jumeneng Ratu,
bangsa-bangsa padha getera.
Panjenenganané pinarak ana ing

sandhuwuré kerub-kerub, mulané bumi
horega.
2 Allah kang ana ing Sion iku
Mahakwasa, kaluhurané ngungkuli
sakèhé bangsa-bangsa.
3 Padha mujia marang asmané Kang
Mahaagung, merga Panjenenganè iku
suci!
4 Panjenenganè iku Ratu kang sekti
lan remen marang kabeneran. Paduka
ingkang njejegaken kaleresan; kaleresan
lan keadilan ing antawisipun umat Israèl,
Paduka ingkang nindakaken.
5 Padha ngluhurna Pangéran, Allah kita,
lan sujuda nyembah ana ing ancik-anciké
sampéyané, Panjenenganè suci.
6 Musa lan Harun kuwi imam-imamé,
lan Samuèl kuwi klebu wong sing padha
nyebut asmané. Kabèh padha nyebut
marang Allah lan Panjenenganè njurungi
panyuwuné.
7 Panjenenganè ngandika saka tugu
méga, wong-wong iya padha ngéstokaké
dhawuhé Allah, lan marang prenatan
peparingé.
8 Dhuh Pangéran, Allah kawula, Paduka
sampun nyembadani panyuwunipun
para abdi Paduka wau. Paduka

dados Allahipun, ingkang kersa
ngapunten, nanging ugi males dhateng
pendamelipun ingkang lepat.
9 Padha luhurna Pangéran, Allah kita,
sarta padha tumungkula lan sujuda ana
ing ngarsané, ing gunungé kang suci!
Sebab Pangéran Allah kita iku suci!

100 1 Masmur samasa saos kurban
pamuji. Hé wong salumahé
bumi, padha bungaha lan mujia marang
Allah.
2 Padha ngabektia marang Allah
kalawan bungah, padha mareka ana ing
ngarsané karo ngidung kanthi bungah!
3 Aja lali yèn Pangéran iku Allah,
Panjenenganė kang nitahaké kita, lan
kita iki kagunganė. Kita iki umaté, lan
ménda ngèn-ngènané.
4 Padha lumebua marang gapurané
kalawan memuji, mlebua ing plataranė
kalawan kidung pamuji. Padha saosana
puji, padha luhurna asmané.
5 Sebab Allah iku becik, sih-piwelasé
langgeng ing selawasé, kasetyané tetep
turun-temurun.

101 1 Masmur anggitané Dawud.
Kawula badhé ngidungaken
kasetyan lan keadilan, dhuh Allah.

Kawula badhé nglagokaken kidung
kagem Paduka!
2 Kawula badhé ngudi gesang tanpa
cacad; mbénjing menapa Paduka badhé
ngrawuhi kawula? Gesang kawula saisiné
griya, badhé kanthi manah resik.
3 Kawula badhé mboten ngangen-
angen sadhéngaha pendamel awon.
Pendamelipun tiyang mblasar kawula
sengiti, lan mboten badhé nggupaki
kawula.
4 Manah ingkang goroh badhé sumingkir
saking kawula. Kawula mboten badhé
seneng ngapusi, lan mboten badhé
candhuk lawung kaliyan pendamel awon.
5 Pundi tiyang ingkang kalayan
sesingidan ngawon-awon dhateng
sesaminipun, sami badhé kawula
tumpes. Tiyang ingkang lemuhur-luhur
tuwin ladak kawula mboten sudi.
6 Kawula badhé nggatosaken tiyang
ingkang setya dhateng Allah, badhé
kawula ajak gesang sesarengan ing
kedhaton kawula. Nanging tiyang
ingkang lampahipun tanpa cacad,
ingkang kawula pendhet dados réncang.

7 Tiyang ingkang lampahipun culika[s]
mboten badhé manggèn ing griya
kawula, sinten ingkang remen ngapusi
mboten badhé tetep wonten ing ngajeng
kawula.
8 Saben dinten kawula badhé numpes
tiyang awon ing negari kawula.
Sakathahing tiyang awon badhé kawula
singkiraken saking negarinipun Allah.

102 1 Pandongané wong sengsara
samasa ngalami susah, banjur
ngesokaké pesambaté ana ing ngarsané
Allah. (102-2) Dhuh Allah, Paduka mugi
miyarsakaken pandonga kawula, anggèn
kawula memelas mugi-mugi dumugi ing
ngarsa Paduka.
2 (102-3) Mugi sampun ngantos
négakaken kawula ing dinten karibedan.
Mugi kersa nilingaken atur kawula,
samasa kawula nyebut dhumateng
Paduka.
3 (102-4) Mugi énggal Paduka pitulungi,
awit déné gesang kawula sirna kados
kukus, badan kawula mengangah kados
mawa.

---

[s]culika: sugih akal kanggé ngapusi.

4 (102-5) Manah kawula semplah lan
alum kados rumput garing, ngantos
kawula supé nedha tetedhan kawula.
5 (102-6) Margi saking sangeting
pangesah kawula, balung kawula
ngantos kelèt kaliyan daging kawula.
6 (102-7) Kawula presasat kados
peksi wana, ingkang wonten ing
ara-ara samun, kados peksi beluk ing
reruntuhaning griya.
7 (102-8) Kawula mboten saged tilem,
kados peksi kepencil wonten ing nginggil
payon.
8 (102-9) Sadinten-dinten kawula
dipun awon-awon déning para
mengsah kawula, tiyang-tiyang ingkang
ngrèmèhaken kawula sami misuh kanthi
nyebut nama kawula.
9 (102-10) Margi saking paukuman
Paduka, kawula ngantos nedha awu,
saha ombèn-ombèn kawula kaworan luh.
Kawula Paduka junjung, lajeng Paduka
bucal, awit saking duka Paduka.
10 (102-11) (102:9)
11 (102-12) Gesang kawula kados
ayang-ayangan ing wanci sonten, sarta
kawula dados alum kados rumput.

12 (102-13) Nanging dhuh Allah,
Paduka jumeneng Ratu ing selaminipun,
sarta asma Paduka kaènget-ènget
turun-temurun.
13 (102-14) Paduka badhé jumeneng,
sarta melasi Sion, margi sampun dumugi
wekdalipun dipun welasi.
14 (102-15) Para abdi Paduka sami
kangen dhateng Sion, senajan sampun
rupi jugrugan, karana katresnanipun.
15 (102-16) Para bangsa lajeng badhé
ngabekti dhateng Allah, lan sekathahing
raja ing bumi badhé sami ajrih dhateng
Paduka.
16 (102-17) Allah wis mbangun Sion
menèh, lan rawuh ngagem kamulyané.
17 (102-18) Allah wis nggatèkaké
menèh marang pandonganè wong kang
ora duwé apa-apa, sarta ora nampik
marang panyuwuné.
18 (102-19) Kuwi kabèh kacatheta
kanggo anak-putu ing tembé-mburi,
supaya umat kang durung lair memuji
Panjenenganè.
19 (102-20) Pangéran mirsani saka
ngaluhur kang suci, mirsani saka swarga
marang bumi,

[20] (102-21) kersa miyarsakaké sambaté
wong tawanan, sarta kersa ngluwari
wong sing wis kacadhangaké marang
pati.
[21] (102-22) Supaya Asmané kawartakna
ana ing Sion, lan kamulyakaké ana ing
Yérusalèm,
[22] (102-23) iya ing kalané para bangsa
padha klumpukan, lan sakèhé kraton
padha ngabekti marang Panjenenganè.
[23] (102-24) Aku wis digawé apes tanpa
daya déning Panjenenganè wiwit nalika
aku isih nom, umurku digawé cendhak.
[24] (102-25) Aturku mengkéné, "Dhuh
Allah kawula, kawula mugi sampun
Paduka pundhut sadèrèngipun kawula
sepuh." Dhuh Allah, yuswa Paduka
langgeng ing selaminipun,
[25] (102-26) ing jaman kina mila Paduka
nitahaken bumi, lan kalayan asta Paduka
piyambak Paduka nitahaken sakathahing
langit.
[26] (102-27) Menika sedaya badhé sami
lebur, nanging Paduka piyambak ingkang
langgeng. Menika wau sedaya badhé
sami saya lungset kados sinjang, lajeng
badhé Paduka bucal, sarta badhé sirna.

[27] (102-28) Nanging Paduka piyambak
badhé tetep, lan taunipun yuswa Paduka
mboten badhé wonten telasipun.
[28] (102-29) Anakipun para abdi Paduka
badhé manggèn kalayan tentrem, lan
anak-turunipun badhé wilujeng wonten
ing pengayoman Paduka.

103

[1] Anggitané Dawud. Dhuh
nyawaku, saosa puji marang
Allah; apa saisiné batinku mujia marang
asmané kang suci.
[2] Dhuh nyawaku, saosa puji marang
Allah, lan aja lali marang kadarmané.
[3] Panjenengané kang ngapura sakèhé
panerakmu, kang marasaké sakèhé
lelaramu.
[4] Panjenengané ngentas uripmu saka
kubur, kang makuthani kowé kalawan
kadarman lan kawelasan.
[5] Panjenengané kang tansah maringi
kabegjan selawasé, mula kowé
kaenomaké menèh kaya manuk
garudha.
[6] Allah paring adil lan kabeneran
marang sakèhé wong kang disiya-siya.
[7] Musa wis diparingi pangerti bab
pangrèhé, lan Banisraèl diparingi weruh
pakaryané.

8 Allah mahawelas lan mahaasih, gedhé
sabaré sarta banget setyané.
9 Ora tansah ndukani kita, ora
nglajengaké paukumané ing selawasé.
10 Panyiksané ora timbang karo dosa
kita, sarta kita ora diwales timbang
gedhéné karo dosa kita.
11 Déné sepira dhuwuré langit ngungkuli
bumi, iya semono gedhéning katresnané
marang wong kang ngabekti marang
Panjenenganė.
12 Sepira dohé Wétan saka Kulon,
iya semono anggoné Allah ngedohaké
panerak kita saka awak kita.
13 Mungguh bapak iku mesthi nduwèni
welas marang anak-anaké, mangka iya
mengkono anggoné Allah melasi wong
kang ngabekti marang Panjenengané.
14 Merga Panjenengané pirsa, sapa kita
iki, lan ènget yèn kita iki mung lebu.
15 Umuré manungsa mono kaya suket,
kang padha kembang ing ara-ara;
16 yèn kambah ing angin waé banjur
wis ilang, tilas panggonané ora ana sing
weruh.
17 Nanging katresnané Allah tanpa
wiwitan lan tanpa wekasan tumrap para
wong kang ngabekti, sarta kabecikané

marang anak-putuné wong-wong mau
turun-temurun.
18 Yakuwi sakèhé wong kang padha
netepi ing prasetyané, sarta ngélingi
marang dhawuhé lan dilakoni.
19 Gusti Allah dhedhampar ana ing
swarga, kratoné mengku samubarang
kabèh.
20 Padha saosa puji marang Allah,
hé para malaékat, kang prakosa,
kang nglakoni apa sadhawuhé, padha
ngèstokna apa kang dingandikakaké.
21 Hé sakèhé para pangwasa ing
swarga, para abdiné kang nglakoni
dhawuhé, padha saosa puji marang
Allah.
22 Hé sakèhé yasané kabèh ing
wewengkoné kratoné, padha saosa puji
marang Allah. Dhuh nyawaku, saosa puji
marang Allah!

104 1 Dhuh nyawaku, saosa
puji marang Allah. Dhuh
Allah kawula, iba agenging kaluhuran
Paduka, Paduka ngagem kawibawan lan
kamulyan.
2 Paduka kinemulan ing pepadhang.
Langit Paduka penthèng kados téndha,

3 Paduka yasa dalem ing sanginggiling
toya. Méga Paduka agem dados titihan,
Paduka tindak ing swiwining angin.
4 Angin Paduka agem minangka utusan,
lan kilat minangka pelados.
5 Bumi Paduka degaken ing pondhasi
ingkang sentosa, temah mboten badhé
moyag-mayig ing selaminipun.
6 Bumi wau Paduka kemuli mawi
samodra, lan toya minggah nglangkungi
redi-redi.
7 Menawi Paduka dukani, toya-toya
lajeng sami mlajeng; sami késah kalayan
gugup, menawi mireng gemuruhing
pangandika Paduka.
8 Lajeng sami minggah ing redi lan
medhak ing jurang-jurang, ing papan
ingkang sampun Paduka temtokaken.
9 Wates ingkang sampun Paduka
temtokaken mboten badhé dipun
langkungi, lan mboten badhé wangsul
ngelebi bumi malih.
10 Paduka ingkang ngawontenaken
tuk-tuk mili dhateng ledhokan, saha
lèpèn-lèpèn mili ing antawisipun
redi-redi,

11 minangka pecawisan ngombénipun
kéwan-kéwan wana, wonten ing ngriku
kuldi sami ngombé ngantos tuwuk.
12 Ing sacelakipun ngriku sato ing
awang-awang sami nyusuh lan sami
ngocèh wonten ing pangipun wit-witan.
13 Saking langit Paduka kintun jawah
dhateng redi-redi, lan bumi kebak
berkahing pakaryan Paduka.
14 Rumput Paduka thukulaken minangka
tedhaning kéwan, menapa déné tanem-
tuwuh minangka rejekinipun manungsa.
Supados manungsa saged nanemi siti
ingkang ngedalaken tetedhan,
15 lan anggur ingkang mbingahaken
manahipun. Tuwin lisah zaitun ingkang
damel rai sumringah, sarta roti ingkang
ngiyataken badanipun.
16 Wit-witan tanemané Allah piyambak,
yakuwi wit-witan èrès ing Libanon,
padha ketutugan udan.
17 Ing wit-witan kono panggonané
manuk-manuk padha nusuh, manuk
khasidah[t] ngenggoni wit beros.
18 Gunung-gunung sing dhuwur dadi
panggonané wedhus alasan; watu
padhas dadi panggonané kancil ndhelik.

---

[t]khasidah: namanipun peksi.

19 Pangéran kang nitahaké rembulan
minangka penanggalan, srengéngé
ngerti wayahé angslup.
20 Paduka ndhatengakaken pepeteng,
lajeng dados dalu, menika wancinipun
sato wana sami saba.
21 Singa-singa nèm sami medal mawi
gero-gero, pados memangsan saking
peparingipun Allah.
22 Menawi srengéngé mlethèk, lajeng
sami nglempak sedaya, lan sami
ndhekem wonten ing pandhelikanipun.
23 Manungsa inggih lajeng medal
nyambut-damel, ngolah siti ngantos
dumugi wanci sonten.
24 Dhuh Pangéran, iba kathahipun
prekawis ingkang Paduka titahaken,
sedaya sami katitahaken kalayan
kawicaksanan, salumahing bumi kebak
titah Paduka.
25 Paduka nitahaken seganten, ageng
lan jembar, panggènanipun ulam
kemruyuk ageng lan alit tanpa wicalan.
26 Ing seganten wau baita-baita
lelayaran, menapa malih Léwiatan
ingkang Paduka titahaken sami dolanan.

27 Sedaya sami ngantos-antos dhateng
Paduka, supados Paduka paringi nedha
ing wekdalipun.
28 Samasa Paduka paringi lajeng dipun
caplok, menawi Paduka ngegaraken
asta, sedaya sami tuwuk lan marem.
29 Menawi Paduka mléngos
piyambakipun sami ajrih, menawi
Paduka ngèndeli ambekanipun, lajeng
sami pejah, wangsul dados lebu malih.
30 Menawi Paduka ngutus Roh Paduka
lajeng sami maujud. Paduka paring
gesang énggal dhateng bumi.
31 Kaluhurané Allah langgenga ing
selawasé. Pangéran rena marang
pakaryané.
32 Panjenengané mandeng marang
bumi, temah gemeter, gunung-gunung
diremuk, banjur ngetokaké kukus.
33 Sajegku urip dakngidungaké
kamulyané Allah, selawasé aku ana ing
donya aku daknyaosaké kidung-kidung
masmur marang Allahku.
34 Pangidungku muga katrimah ing
Panjenengané, aku bakal tansah
bungah-bungah merga Panjenengané.
35 Wong duraka bakal katumpes, sirna
saka ing bumi, wong ala bakal ora

ana menèh. Dhuh nyawaku, saosa puji
marang Allah! Haléluya!

105

1 Padha saosa puji sukur
marang Allah, padha wartakna
asmané. Para bangsa padha critanana
pendamelé.
2 Padha ngidungna kaluhurané,
kidungna nganggo masmur; sakèhé
pakaryané kang élok padha critakna.
3 Padha bungaha déné kita iki
kagungané; atiné wong kang ngabekti
marang Allah, karebèn padha bungah.
4 Mareka marang Allah, nyuwun
pitulungané, lan aja kendhat-kendhat
anggonmu sujud ngabekti marang
Panjenenganė.
5 Hé para turuné Abraham, abdiné;
para anaké Yakub, kang pinilih,
padha ngélingana kaélokané Allah
kang wis ditindakaké, lan marang
putusan-putusaning keadilané.
6 (105:5)
7 Pangéran iku Allah kita; dhawuh
prenatané kanggo salumahé bumi
kabèh.
8 Panjenenganė netepi prasetyané
nganti langgeng selawasé; iya dhawuh
kang kaparingaké marang sèwu turunan.

9 Prejanjian kang didamel karo
Abraham, lan prejanjiané marang Iskak,
10 iku ditetepaké dadi prenatan marang
Yakub, dadi prejanjian langgeng kanggo
Israèl.
11 Pangandikané, "Kowé Dakparingi
tanah Kenaan, dadi tanah pusakamu."
12 Umaté Allah cacahé lagi sethithik, tur
dadi wong neneka ana ing kono.
13 Padha nglembara saka panggonané
bangsa siji menyang bangsa liyané, saka
kraton siji menyang kraton sijiné.
14 Panjenenganė ora nglilani yèn
ngantia dianiaya déning sapa-sapa;
malah raja-raja ana sing diukum krana
saka umat mau.
15 Pangandikané, "Para pilihan-Ku aja
nganti kokgepok, lan para nabi-Ku aja
koksiya-siya!"
16 Nalika Panjenengané nekakaké
paceklik ing negara kono, lan sakèhé
tandhon pangan rusak kabèh.
17 Panjenengané ngutus wong ndhisiki
lakuné umaté, Yusuf diedol dadi
batur-tukon.
18 Sikilé diblenggu, guluné diranté.

[19] Nganti tekan wektuné pamecané
katetepan, yakuwi nalika pangandikané
Allah mbeneraké Yusuf.
[20] Sang Prabu ing Mesir nuli ngutus
ngluwari, dililani medal déning ratuning
para bangsa.
[21] Didadèkaké penggedhéning
kedhatoné, lan dipasrahi mengku apa
sakagungané Sang Prabu kabèh.
[22] Dikersakaké mréntah para penggedhé
abdiné Sang Prabu ing sakersané Yusuf,
sarta memulang kawicaksanan marang
para pinituwané para abdi.
[23] Kaya mengkono tekané Israèl ing
tanah Mesir lan Yakub manggon ing
tanahé Kham dadi wong neneka.
[24] Pangéran banjur ndadèkaké umaté
ngambra-ambra, diparingi kekuwatan
ngluwihi para satruné.
[25] Atiné wong Mesir digawé sengit
marang umaté Allah, mula padha
ngapusi marang umat mau.
[26] Allah nuli ngutus Musa, abdiné, lan
Harun, pilihané.
[27] Padha gawé kaélokan-kaélokan saka
dhawuhé Allah, lan mujijat-mujijat ana
ing tanah Mesir.

28 Gusti Allah nekakaké pepeteng,
temah sanegara peteng ndhedhet,
nanging wong Mesir ora padha
ngéstokaké dhawuhé.
29 Gusti Allah banjur ndadèkaké banyu
dadi getih, mula iwak-iwak ing kono
padha mati kabèh.
30 Gusti Allah banjur nekakaké kodhok
ing tanah kono, malah nganti padha
mlebu ing kamaré Sang Prabu.
31 Pangéran ngandika, banjur laler
cathak padha teka, semono uga lemut
ing satlatahé negara.
32 Banjur nekakaké udan ès lan bledhèg
minangka gantiné udan.
33 Wité anggur dibrukaké, mengkono
uga wité anjir; lan sarupané wit-witan
ing daérah kono kabèh.
34 Allah ngandika, banjur ana walang
padha teka, akèhé tanpa wilangan.
35 Padha mangan sakèhé thethukulan
kang ana ing negara kono, sapametuné
palemahan kono diserang kabèh.
36 Pangéran numpes sakèhé anak
pembarep ing tanah Mesir kono.
37 Bangsa Israèl banjur diirid metu,
padha nggawa emas lan slaka, wong-

wong mau kabèh padha waras lan
rosa.
38 Nalika bangsa mau metu, wong Mesir
padha bungah, merga wis padha ngalami
giris krana saka bangsa mau.
39 Allah nggelar méga kagawé mayungi
umaté, sarta geni kanggo madhangi ing
wayah bengi.
40 Nalika para leluhur mau padha
nyuwun daging, Gusti Allah banjur
nekakaké manuk gemak akèh banget,
lan umaté diwaregi nganggo roti saka
langit.
41 Pangéran bengkah karang, kang
metokaké banyu, iliné santer nganti dadi
kali ana ing tanah mati.
42 Iki merga Panjenenganė ngèngeti
marang pangandikané kang suci, iya
ngèngeti marang Abraham, abdiné.
43 Kaya mengkono enggoné ngirid
umaté metu kalawan bungah saka tanah
Mesir.
44 Padha diparingi tanahé bangsa-
bangsa liya, nganti padha mangan
pametuné palemahané bangsa-bangsa
mau.

45 Iku supaya bangsa Israèl padha
netepana prenatané Allah lan ngèstokna
angger-anggeré. Haléluya!

106

1 Haléluya! Padha saosa
puji marang Allah, merga
Panjenenganè iku becik! Sih-kasetyané
langgeng selawasé.
2 Sapa sing bisa nyritakaké pangwasané
Allah, lan memuji kaluhurané kabèh?
3 Begja wong kang ngéstokaké
dhawuhé, sarta tansah nindakaké
kabeneran.
4 Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
èngeti; menawi Paduka mitulungi umat
Paduka, kawula mugi kakatutna.
5 Supados kawula saged ningali
kabegjanipun para umat pilihan Paduka,
sarta tumuta bingah sesarengan kaliyan
kabingahanipun umat Paduka, inggih
tumuta ngluhuraken sesarengan kaliyan
para kagungan Paduka.
6 Kawula sami damel dosa, sami kados
leluhur kawula, kawula sami nasar sarta
nglampahi piawon.
7 Para leluhur kawula nalika wonten
ing Mesir sami mboten mangertos;
dhateng pakaryan Paduka ingkang
élok. Sami mboten ngèngeti dhateng

kathahing sih-kamirahan, ingkang
Paduka ketingalaken, malah sami
mbrontak wonten ing pinggiripun
Seganten Teberau.
8 Éwasemanten sami Paduka
wilujengaken krana saking asma
Paduka piyambak, supados sami
sumerepa dhateng agenging kasektèn
Paduka.
9 Segara Teberau didhawuhi, temah
asat, para leluhur banjur dilakokaké ana
ing dhasaré segara presasat ana ing
ara-ara.
10 Mengkono enggoné padha diluwari
saka tangané satru, sarta diuwalaké
saka tangané mungsuh.
11 Nanging banyu mau nglelepaké
mungsuhé, siji waé ora ana sing kari.
12 Nalika semono para leluhur padha
precaya sarta padha ngluhuraké asmané
Allah.
13 Nanging padha énggal lali marang
pakaryané Allah, lan padha tumindak
tanpa miterang marang kersané.
14 Ana ing ara-ara samun wong-wong
mau padha kedereng déning hawa-
nepsuné, banjur padha nyoba marang
Allah ana ing segara wedhi.

15 Allah banjur maringi apa kang
disuwun, nanging uga nekakaké lelara
kang nggegirisi.
16 Sawisé mengkono banjur padha mèri
karo Musa, uga marang Harun, abdiné
Allah kang suci.
17 Bumi nuli mangap, nguntal Datan,
sarta ngubur Abiram sabrayaté.
18 Nuli ana geni teka ing tengahé
wong-wong, sarta ngobong para wong
duraka mau.
19 Ana ing Gunung Horèb para leluhur
padha gawé reca pedhèt, banjur padha
sujud nyembah marang reca mau.
20 Gusti Allah, pepujané, padha dilironi
rerupan sapi sing mangan suket.
21 Padha lali marang Allah, Juru Slamet,
sing wis nindakaké kaélokan ana ing
tanah Mesir.
22 Sarta gawé mujijat ana ing tanah
mau, apa menèh pakaryan ngédab-édabi
ana ing Segara Teberau.
23 Mulané Pangéran dhawuh arep
numpes para leluhur, yèn ajaa Musa,
wong pilihané, nengahi ing ngarsané
Allah, nadhahi paukumané, supaya aja
nganti padha ditumpes.

24 Para leluhur padha nacad tanah
sing becik, padha ora ngandel marang
pangandikané Allah.
25 Malah padha grundelan ana ing
kémahé, lan ora nggugu marang
dhawuhé Allah.
26 Mulané Pangéran ngancam marang
wong-wong mau, arep dipatèni ana ing
ara-ara samun.
27 Sarta turuné bakal dibuyaraké ana
ing antarané bangsa-bangsa, lan disebar
menyang tanah ing endi-endi.
28 Wong-wong mau padha nyembah
Baal-Péor, lan mangan sesajèn sing
kanggo wong mati.
29 Srana mengkono gawé dukané
Allah, merga saka pratingkahé, mulané
ketekan bebaya sing ampuh.
30 Pinéhas banjur tumandang ngukum
wong-wong sing padha salah, bebaya
mau banjur sirna.
31 Tindaké Pinéhas mau tansah diélingi,
kaétung labet kang becik, wiwit kuwi lan
saterusé turun-temurun.
32 Ing sacedhaké sendhang ing
Mériba, para leluhur iya padha njalari
mulading paukumané Gusti Allah. Krana

lelakon mau Musa nganti ketaman ing
kasusahan.
33 Merga para leluhur padha mbaléla
marang Rohé Allah, nganti Musa
ngucapaké tembung sing ora samesthiné
diucapaké.
34 Para leluhur ora numpes bangsa-
bangsa sing didhawuhaké Allah supaya
dipatèni.
35 Malah padha awor karo wong kapir
mau, ditiru kelakuané.
36 Brahalané padha disembah, kuwi
sing banjur dadi kala-jireté.
37 Para leluhur padha ngurbanaké
anak-anaké lanang, lan anak-anaké
wadon marang para dhemit.
38 Dadi ngwutahaké getihé wong
ora salah, yakuwi getihé anak-anaké
lanang lan wadon, kang disembelèh
dadi sesajèn marang brahalané wong
Kenaan, nganti tanahé dadi najis awit
saka dosané ngwutahaké getih.
39 Srana mengkono padha najisaké
awaké dhéwé, lan srana penggawéné
mau padha tumindak sèdhèng.
40 Mulané bebenduné Allah mulad-
mulad marang umaté, merga ora setya
marang Panjenengané.

41 Umaté banjur diulungaké marang
tangané bangsa kapir, mula padha
dijajah déning para mungsuhé.
42 Mungsuh-mungsuhé padha gawé
girising atiné, nganti banjur padha teluk
pasrah bongkokan.
43 Kerep Allah ngluwari umaté, nanging
padha ndadra enggoné mbangkang
marang Panjenenganéa, lan saya jero
enggoné ambles ing dosané.
44 Éwasemono Panjenengané
nggatèkaké marang karubedané,
sarta miyarsakaké marang pesambaté.
45 Panjenengané ngèngeti marang
prasetyané, supaya dadi beciké umaté,
lan merga saka gedhéning sihé, umat
mau ora ditégakaké.
46 Padha diparingi piwelas saka
sarupané wong sing nawan umaté.
47 Dhuh Pangéran, Allah kawula,
kawula mugi sami Paduka luwari, lan
kawula sami kakempalna, uwal saking
antawisipun bangsa-bangsa, supados
kawula sami ngluhuraken asma Paduka
ingkang suci, sarta memuji kaluhuran
Paduka.

48 Pinujia Pangéran, Allahé Israèl,
langgeng ing selawasé, sarta umaté
kabèh ngucapa: "Amin!" Haléluya!

107 1 "Padha saosa puji
sokur marang Allah, awit
Panjenengané iku mahaasih, sih-
kasetyané langgeng selawasé."
2 Kaya mengkono pangucapé wong-
wong sing padha diluwari déning Allah,
saka tangané mungsuhé.
3 Lan diklumpukaké saka tanah-tanah
ngamanca, saka Wétan lan saka Kulon,
saka Lor lan saka Kidul.
4 Ana wong-wong sing nglembara ana
ing segara wedhi, lan ing ara-ara samun,
ora bisa nemokaké dalan sing tekan
kutha sing kena dienggoni.
5 Wong-wong mau padha keluwèn
lan kasatan, lan padha ora duwé
pengarep-arep menèh.
6 Nanging sajroning karubedané banjur
padha sesambat marang Allah, nuli
padha diluwari saka kasangsarané.
7 Ditedahi dalan kang bener, sing tekan
papan sing kena dienggoni.
8 Wong-wong padha memujia marang
Allah, awit saka sih-kasetyané, lan

merga saka pakaryané kang élok tumrap
para manungsa.
9 Panjenenganė wis kersa maregi wong
sing keluwèn, lan wong kasatan dierobi
ing kabecikané.
10 Ana wong-wong sing manggon
ing panggonan sing peteng dhedhet
lelimengan, yakuwi wong-wong sing
ditahan ana ing krangkèng karo diranté,
11 merga wis padha mbaléla marang
dhawuhé Allah, sarta nampik marang
pangandikané Kang Mahaluhur.
12 Mulané atiné diremuk déning Allah
nganggo kasusahan; bareng padha
kejlungup, ora ana sing nulungi.
13 Wong-wong mau banjur padha
sesambat marang Allah sajroning
karibedané, nuli padha diluwari saka
kasangsarané.
14 Diluwari saka panggonan sing peteng
dhedhet, sarta ranténé dicopoti.
15 Wong-wong mengkono mau padha
memujia marang Allah, merga saka sih-
kasetyané, lan merga saka pendamelé
kang élok tumrap manungsa.
16 Sebab Panjenengané wis kersa
njeboli lawang tembaga, lan mutungi
palangé lawang-lawang wesi.

17 Ana wong gemblung, sing lara merga
nglakoni dosa, lan merga pialané.
18 Wong mau ora doyan mangan
apa-apa, lan mèh waé mati.
19 Nanging sajroning karubedané
sesambat marang Allah, banjur diluwari
saka kasangsarané.
20 Allah marasaké srana pangandikané,
lan ngentas wong mau saka kubur.
21 Wong mengkono padha memujia
marang Allah, merga saka sih-kasetyané,
lan merga saka pendamelé kang élok
marang para manungsa.
22 Wong mau padha nyaosna kurban
pamuji sarta nyritakna, pakaryané Allah
kalawan swara kang sora.
23 Ana wong kang lelayaran nunggang
prau, laku dagang ing samodra.
24 Wong mau padha weruh pakaryané
Allah, lan kaélokané ana ing tengahé
segara.
25 Atas dhawuhé Allah banjur ana
prahara teka, kang ngumbulaké ombak.
26 Prauné mau diumbulaké ing langit
lan dibanting ana ing papan kang jero,
bebaya gedhé mau gawé mirising atiné.

27 Wong-wong padha mumet lan lakuné
sempoyongan kaya wong mendem,
sakèhing ketrampilané ora ana gunané.
28 Nanging sajroning karubedané nuli
padha sesambat marang Allah, banjur
padha diluwari saka kasangsarané.
29 Praharané disirep, mula ombaké
segara meneng.
30 Wong-wong mau nuli padha bungah,
merga segarané wis anteng menèh,
banjur padha diirid déning Pangéran
menyang pelabuhan sing dikarepaké.
31 Wong-wong mau padha nyaosaké
puji sokur marang Allah, merga saka
sih-kasetyané, merga pendamelé kang
élok marang manungsa.
32 Padha ngluhurna asmané ana ing
pasamuwaning umaté, sarta mujia ana
ing kumpulané para penggedhé.
33 Pangéran ngéwahi kali-kali dadi
lemah mati, sendhang didamel lemah
cengkar.
34 Lemah loh didadèkaké bumi asin,
kang mengkono mau awit saka pialané
sing ngenggoni.
35 Segara wedhi didadèkaké blumbang,
lemah garing didadèkaké bumi sugih
tuk.

36 Wong keluwèn padha dipapanaké ana
ing kono, banjur padha ngedegaké kutha
sing dienggoni.
37 Lemahé banjur disebari lan ditanduri,
lan padha gawé kebon anggur sing
ngetokaké woh akèh.
38 Wong-wong mau padha diberkahi,
mula banget enggoné ngambra-ambra,
sarta ingon-ingoné padha digawé
manak-kumanak.
39 Menawa umaté Allah kalah perang
lan ditelukaké déning mungsuhé kang
ambek siya.
40 Pangéran banjur damel kwirangan
marang para penggedhé, padha
didadèkaké wong nglambrang ana ing
ara-ara samun kang tanpa dalan.
41 Nanging wong papa padha dijunjung
saka kemlaratané, sarta anak-putuné
padha ditangkar-tangkaraké kaya
pepanthaning wedhus.
42 Para wong mursid padha weruh lan
padha bungah-bungah, nanging wong
duraka kabèh padha meneng waé.
43 Sapa wong sing wicaksana padha
ngrasak-ngrasakna prekara mau,
sarta nitènana marang sih-kasetyané
Pangéran.

108

[1] Kidung masmur anggitané
Dawud. (108-2) Manah
kawula bingah, dhuh Allah, badhé
ngrepèkaken kidung, nglagokaken
kidung masmur kagem Paduka. Dhuh
nyawaku, bungaha!
2 (108-3) Hé slukat lan clempung,
padha tangia, srengéngé, tangia.
3 (108-4) Paduka badhé kawula puji
wonten ing tengahipun para bangsa,
dhuh Allah, badhé kawula kidungaken
mawi masmur ing tengahipun para
umat.
4 (108-5) Margi sih Paduka menika
luhuripun ngungkuli langit, lan kasetyan
Paduka ngungkuli inggiling méga.
5 (108-6) Dhuh Allah, Paduka mugi
ngetingalaken kaluhuran Paduka,
ingkang ngungkuli sakathahing langit,
saha kamulyan Paduka nyrambahana
salumahing bumi.
6 (108-7) Kawula mugi kawilujengaken
srana pangwasa Paduka, Paduka
nyembadani panyuwun kawula, mila
para kekasih Paduka sami kaluwaran.
7 (108-8) Allah wis ngandika ana ing
pasucèné, "Penggalih-Ku rena banget,
Sikèm arep Dakpérang-pérang. Lebak

Sukot lan Giléad arep Dakedum marang
umat-Ku.
8 (108-9) Giléad iku kagungan-Ku,
uga Manasyè; Éfraim dadi tutuping
sirah-Ku, lan Yéhuda sasat jungkating
keprabon-Ku.
9 (108-10) Moab kuwi pawisuhan-Ku,
Édom bakal Dakuncali sandhal-Ku,
tandha yén kagungan-Ku. Lan merga
Filistéa Aku surak-surak."
10 (108-11) Sapa sing bakal ngirid aku
mlebu menyang kutha sing dibètèngi?
Sapa sing bakal ngirid aku menyang
Édom?
11 (108-12) Dhuh Allah, menapa èstu
Paduka sampun nampik dhateng kawula?
Menapa Paduka mboten miyos nyarengi
tentara kawula?
12 (108-13) Dhuh Allah, mugi paring
pitulung nglawan dhateng mengsah
kawula, awit pambiyantunipun
manungsa menika tanpa gina.
13 (108-14) Merga saka sih-pitulungané
Allah kita bakal dadi kendel lan prakosa,
sebab Panjenengané piyambak kang
bakal nelukaké satru-satru kita.

109

1 Masmur anggitané Dawud.
Kanggo pemimpin penyanyi.

Dhuh Allah pepujan kawula, Paduka
mugi sampun kèndel kémawon.
2 Tiyang duraka lan tiyang goroh sami
moyoki kawula, lan sami criyos dora
dhateng kawula.
3 Sami ngawon-awon kawula mergi
saking sengit, lan sami mengsahi kawula
tanpa sebab.
4 Katresnan kawula dipun wales mawi
pendakwa, senajan tansah sami kawula
dongakaken.
5 Kasaénan kawula dipun wales piawon,
saha katresnan kawula dipun lintoni
sengit.
6 Tiyang menika dipun adilana déning
hakim ingkang duraka, lan kagugata
déning mengsahipun.
7 Samasa dipun adili katetepna
kalepatanipun, saha pandonganipun
kaanggepa dosa.
8 Umuripun kacelakna, kalenggahanipun
kaparingna dhateng tiyang sanès.
9 Anak-anakipun dadosa lola, tuwin
sémahipun dadosa randha.
10 Anak-anakipun sami nglambranga
pepriman, katundhunga saking
griyanipun ingkang bibrah.

11 Tiyang-tiyang ingkang nyambuti
tiyang menika sami mendhetana sedaya
gadhahanipun, sarta tiyang sanès sami
njaraha hasiling pedamelanipun.
12 Tiyang menika sampun ngantos
manggih piwelasipun tiyang, lan sampun
ngantos wonten tiyang ingkang tresna
dhateng anak-anakipun ingkang dados
lola.
13 Anak-anakipun sami tumpesa, tuwin
namanipun kasirnakna dumugi turun
kaping kalih.
14 Piawoning para leluhuripun
kaèngetana wonten ing ngarsanipun
Allah, sarta dosaning biyungipun sampun
ngantos kalebur.
15 Menika mugi tansah dipun émut-
émut déning Allah, sarta sedaya
ingkang wonten sesambetanipun kaliyan
piyambakipun kasupèkna wonten ing
bumi.
16 Sebab tiyang menika mboten naté
damel kesaénan, malah ngoyak-oyak
dhateng tiyang sangsara. Tiyang miskin
sarta tiyang ingkang pepes manahipun
badhé dipun pejahi.
17 Sarèhné remen ngucapaken ipat-ipat,
mila mugi ketamanana ipat-ipatipun

piyambak. Margi mboten remen berkah,
mila berkah inggih tebiha saking
piyambakipun.
18 Ipat-ipat dipun anggéa kados
rasukan, sarta rumasuka ing badanipun
kados toya, lan kados lisah ing
balungipun.
19 Ipat-ipat wau dadosa kados
sinjang ingkang dipun kemulaken, lan
kados sabuk ingkang kanggé ningseti
penganggénipun.
20 Kadosa mekaten Allah enggènipun
ngganjar tiyang ingkang sami nglawan
kawula, sarta ingkang wicantenipun
awon dhateng kawula.
21 Nanging menggah kawula dhuh
Pangéran, mugi Paduka ganjar kesaénan
krana asma Paduka, mugi kawula
kapitulungana, margi Paduka menika
loma, asih lan setya.
22 Kawula tiyang kesrakat lan mlarat,
sarta manah kawula sakit sanget.
23 Kawula presasat ayang-ayang ing
wanci sonten, mboten dangu malih
badhé sirna, kawula badhé katut ing
angin kados walang.

24 Dhengkul kawula sléyat-sléyot, mergi
saking enggèn kawula pasa, sarta badan
kawula kera, telas gajihipun.
25 Mila kawula tansah dipun gegujeng
déning tiyang menika, saben ningali
kawula sami gèdhèg-gèdhèg.
26 Dhuh Pangéran, Allah kawula, kawula
mugi Paduka pitulungi, mugi Paduka
luwari krana saking sih-kasetyan Paduka.
27 Dhuh Allah, supados tiyang wau
sami sumerepa, bilih Paduka ingkang
nindakaken menika, inggih Paduka
piyambak.
28 Kajengipun sami ngipat-ipati, nanging
Paduka mugi mberkahi. Kajengipun
ingkang nguya-uya kawula kwirangan,
nanging kawula abdi Paduka sageda
bingah.
29 Tiyang-tiyang ingkang sami nglawan
dhateng kawula samia kisinan, lan sami
kasandhangana kwirangan kados déné
jubah.
30 Aku bakal saos puji sokur marang
Allah nganggo swara kang sora.
Panjenengané bakal dakluhuraké ana ing
pakumpulané umaté.
31 Merga Panjenengané wis mbélani
wong miskin, lan ngluwari saka wong-

wong sing nibakaké paukuman pati
marang wong-wong mau.

110

1 Masmur anggitané Dawud.
Pangandikanipun Allah
dhateng Gusti kula mekaten, "Pinaraka
ana ing tengen-Ku nganti tumekané
mungsuh-mungsuhmu wis padha
Dakdadèkaké ancik-anciké tlapakanmu."
2 Allah badhé ngulungaken jungkating
keprabon dhateng Panjenengan saking
Sion, Paduka nindakna pangrèh Paduka
ing tengahing mengsah Paduka.
3 Ing dinten Paduka nglempakaken
wadyabala nglawan mengsah-mengsah
Paduka, umat Paduka badhé tumut
perang kalayan manasuka. Kados déné
ebun ing wanci énjing umun-umun,
kados mekaten para nènèman kagungan
Paduka badhé sami sowan ing ngarsa
Paduka, ing redi-redi ingkang suci.
4 Gusti Allah sampun janji kalayan
supaos ingkang mboten badhé dipun
keduwungi, mekaten, "Kowé iku dadi
Imam ing selawas-lawasé, manut
tatanané Mèlkisèdèk."
5 Pangéran wonten ing tengen Paduka,
samasa duka Allah numpes raja-raja
kalayan bebendunipun.

6 Pangéran nindakaken pengadilan ing
tengahipun para umat, mila saenggèn-
enggèn wonten pepejah pating glasah.
Para raja ing pundi kémawon badhé
dipun telukaken.
7 Sang Prabu badhé ngunjuk toya
saking lèpèn ing sapinggiring margi,
temah badhé kakiyataken lan angsal
kemenangan.

111 1 Haléluya! Gusti Allah arep
dakpuji kalawan gumolonging
atiku, ana ing pakumpulané wong mursid
lan ing ara-ara samun.
2 Pakaryané Allah iku sarwa gedhé
lan élok, patut dititipriksa déning
sakèhing wong kang tresna marang
Panjenengané.
3 Samubarang sing ditindakaké kuwi
agung lan mulya, sarta pengadilané
selawasé bener.
4 Panjenengané ora ngersakaké kita
nglalèkaké marang pendamelé kang
élok-élok, Panjenengané asih-mirma lan
welasan.
5 Para wong kang ngabekti padha
diparingi pangan, prejanjiané dièngeti
langgeng selawasé.

6 Pangwasaning pakaryané ditedahaké
marang umaté, srana maringaké
tanahé bangsa-bangsa liya dadi tanah
pusakané.
7 Samubarang sing ditindakaké kuwi
bener lan adil; apa sadhawuhé kena
diprecaya.
8 Selawas-lawasé ora owah gingsir
babar-pisan, sebab dhasaré kabeneran
lan kautaman.
9 Umaté wis diluwari, lan prejanjiané
karo umat mau tetep ing selawas-lawasé.
Panjenenganė suci lan mahakwasa.
10 Caranė olèh kawicaksanan yakuwi
srana ngabekti marang Allah; kabèh
wong kang nglakoni dhawuhé kaparingan
budi lan nalar kang wicaksana. Pinujia
asmané ing selawas-lawasé.

112

1 Haléluya! Begja wong sing
ngabekti marang Allah, sing
kesengsem nglakoni dhawuhé Pangéran.
2 Anak-putuné bakal gedhé kawibawané
ana ing bumi, sarta padha diberkahi
déning Pangéran.
3 Brayaté bakal ngalami kalubéran lan
olèh kasugihan, kabecikané bakal tetep
ing selawasé.

4 Wong sing atiné jujur, samasa
kepetengan, mesthi kaplethèkan
pepadhang, yakuwi wong sing dhemen
wèwèh, welasan lan adil.
5 Wong sing dhemen wèwèh lan awèh
utangan, sing ngrumati barang-darbèké
kanthi temen.
6 Wong mursid tansah dièngeti déning
Allah, sedyaning atiné bakal keturutan.
7 Piala ora bakal ndadèkaké kuwatiré,
atiné mantep, gedhé pengandelé marang
Allah.
8 Wong mau ora wedi utawa kuwatir,
malah yakin yèn satruné bakal kalah.
9 Loma pawèwèhé marang wong miskin,
kabecikané bakal lestari, mula wibawané
lan kaurmatané bakal saya tambah.
10 Ndeleng sing mengkono, wong
duraka bakal nepsu karo nggeget untu.
Banjur sirna, apa sapengarep-arepé
wong duraka bakal lebur.

113 1 Haléluya! Hé para abdiné
Pangéran, padha pujinen
asmané Allah!
2 Asmané Allah pinujia-pujia, wiwit saiki
tekan ing selawasé.
3 Asmané Allah pinuji-pujia, saka Wétan
tekan Kulon tetep ing selawasé.

4 Allah luhur ngungkuli sakèhé para
umat, kamulyané ngungkuli sakèhé
langit.
5 Sapa kang madhani Pangéran, Allah
kita, kang ngedhaton ing ngaluhur.
6 Kang kersa tumelung mirsani marang
kang ana ing ngisor, kang ana ing langit
lan ing bumi?
7 Wong papa dijunjung saka ing lebu,
lan wong mlarat saka ing bladheran.
8 Diprenahaké ing sandhuwuré para
penggedhé, bebarengan karo para
pengarepé bangsané.
9 Wong wadon sing gabug diparingi
kabegjan ing omahé, merga diberkahi
anak pirang-pirang. Haléluya!
114 1 Nalika bangsa Israèl budhal
saka tanah Mesir, turuné Yakub
metu saka tengahé bangsa ngamanca.
2 Yéhuda dadi umaté Allah kang dipilih,
lan Israèl dadi kagungané.
3 Segara Teberau bareng weruh banjur
mlayu, lan Kali Yardèn mandheg anggoné
mili.
4 Gunung-gunung padha lelumpatan
kaya wedhus lanang, tengger-tengger
padha lincak-lincak kaya cempé!

5 Hé segara, yagéné kowé kokmlayu?
Hé Kali Yardèn, yagéné kowé mandheg
anggonmu mili?
6 Hé gunung-gunung! Yagéné kowé
lelumpatan kaya wedhus lanang?
Hé tengger-tengger! Yagéné kowé
lincak-lincak kaya cempé?
7 Hé bumi! Gemetera ana ing ngarsané
Pangéran, ana ing ngarsané Allahé
Yakub,
8 kang ndadèkaké karang malih dadi
blumbang, lan watu atos dadi sendhang.
115 1 Dhuh Allah, sampun dhateng
kawula, inggih sampun
dhateng kawula, namunga asma Paduka
kémawon ingkang kamulyakaken, awit
saking sih lan kasetyan Paduka.
2 Kénging menapa para umat ngantos
sami mungel mekaten, "Allahé wong
kuwi ana ing ngendi?"
3 Allah kita ana ing swarga;
Panjenengané nindakaké apa sakersané.
4 Brahalané para umat digawé saka
slaka utawa emas, garapané tangané
manungsa.
5 Padha duwé cangkem, nanging ora
bisa clathu, padha duwé mripat, nanging
ora bisa ndeleng.

6 Padha duwé kuping, nanging ora bisa
ngrungu, padha duwé irung, nanging ora
bisa ngambu.
7 Padha duwé tangan, nanging ora
bisa nggrayang, padha duwé sikil,
nanging ora bisa mlaku, gurungé ora
bisa ngetokaké swara.
8 Para wong sing nggawé lan sing
precaya, dadia kaya brahala mengkono
kuwi.
9 Hé Israèl! Kowé precayaa marang
Allah! Panjenengané sing mitulungi lan
dadi tetamèng.
10 Hé turuné Harun, precayaa marang
Allah! Panjenengané sing mitulungi lan
dadi tetamèng.
11 Hé wong kang ngabekti marang Allah!
Padha precayaa marang Panjenengané.
Panjenengané sing mitulungi lan dadi
tetamèng.
12 Allah ènget marang kita, kersa paring
berkah, bakal mberkahi turuné Israèl,
bakal mberkahi turuné Harun.
13 Bakal mberkahi para wong kang
ngabekti marang Allah, wong cilik bareng
karo wong gedhé.

14 Allah uga marengaké kowé padha
tangkar-tumangkar, iya kowé lan
anak-putumu.
15 Kowé padha kaberkahana déning
Allah, kang nitahaké langit lan bumi.
16 Swarga iku kagungané Allah
piyambak, nanging bumi kaparingaké
marang manungsa.
17 Wong mati padha ora ngluhuraké
Allah, semono uga kabèh wong sing wis
medhun ing alam sepi.
18 Nanging kita kang isih urip, kita arep
memuji marang Allah, wiwit saiki tekan
selawasé. Haléluya!
116 1 Aku tresna marang Allah,
merga Panjenengané
miyarsakaké pandongaku.
2 Panjenengané nyembadani
panyuwunku, saben aku ndedonga
marang Panjenengané.
3 Aku dikubengi lan diserang déning
bebaya pati, sarta ngalami karubedan
lan kasusahan.
4 Aku banjur ndedonga marang Allah,
"Dhuh Allah, Paduka mugi ngluwari!"
5 Allah iku mahasetya lan saé
penggalihé, Allah kita ambek welasan.

6 Panjenenganè ngayomi wong
sing presaja. Samasa aku apes,
Panjenenganè banjur mitulungi aku.
7 Dhuh nyawaku, puliha tentrem
menèh, sebab Allah wis damel saé
marang kowé.
8 Allah wis ngluwari aku saka ing pati,
wis nyegah luh metu saka mripatku, lan
nahan sikilku saka sesandhungan.
9 Mulané salakuku bakal ana ing
ngarsané Allah, iya selawasé aku urip
ana ing donya.
10 Pengandelku tetep, senajan aku
ngucap, "Aku kasiksa banget."
11 Utawa saka wediku muni, "Manungsa
kabèh tukang ngapusi."
12 Apa sing kena dakenggo males
Pangéran, merga kabecikané marang
aku?
13 Aku arep nyaosaké kurban unjukan
marang Allah, minangka saos panuwun
anggoné wis mitulungi aku.
14 Aku arep ngluwari kaulku marang
Allah ana ing kumpulané umaté.
15 Patiné wong sing dikasihi kuwi gedhé
pengajiné ana ing ngarsané Allah.
16 Dhuh Allah, kawula menika abdi
Paduka, kawula ngabdi dhateng Paduka,

sami kados biyung kawula anggènipun
ngabdi dhateng Paduka. Paduka sampun
ngluwari kawula saking bebaya pejah.
17 Kawula badhé nyaosaken kurban
pamuji dhateng Paduka, sarta kurbaning
pandonga kawula.
18 Dakluwari ujarku marang Allah ana
ing ngarepé kumpulané umaté,
19 ana ing platarané Pedalemané
Allah, ana ing tengah kutha Yérusalèm.
Haléluya!

117

1 Hé sakèhé para umat, padha
saosa puji marang Allah.
2 Hé sakèhé para bangsa, Panjenengané
padha luhurna, awit sih-kadarmané
marang kita iku gedhé banget, sarta
kasetyané Allah kuwi langgeng selawasé.
Haléluya.

118

1 Padha saosa puji marang
Allah, sebab Panjenengané
saé, penggalihé lan sih-kasetyané
langgeng selawasé.
2 Umat Israèl padha ngucapa,
"Sih-kasetyané iku langgeng selawasé!"
3 Para imam padha ngucapa, "Sih-
kasetyané iku langgeng selawasé!"

4 Para wong kang ngabekti marang
Allah padha ngucapa, "Sih-kasetyané iku
langgeng selawasé!"
5 Sajroning karubedan aku nyebut
marang Allah, Allah nuli njurungi
pesambat-Ku, lan aku iya banjur
kaparingan luwar.
6 Allah nunggil karo aku, aku bakal ora
wedi, manungsa bisa gawé apa marang
aku?
7 Allah nunggil karo aku sarta paring
pitulungan, mulané aku bakal nganggep
rèmèh wong sing padha sengit marang
aku.
8 Luwih becik ngungsi marang Allah,
ketimbang karo ngendelaké manungsa.
9 Luwih becik ngungsi marang Allah,
ketimbang karo njagakaké para
penggedhé.
10 Aku dikepung déning sakèhé
mungsuhku, nanging kabèh padha
dakgempur nganggo pangwasané Allah.
11 Aku dikepung nganti rapet, nanging
kabèh dakgempur nganggo pangwasané
Allah.
12 Anggoné ngepung aku kaya tawon,
nanging kabèh padha kebrongot kaya

eri kobong ing geni, kabèh dakgempur
nganggo pangwasané Allah.
13 Aku diserang sarosané nganti aku
kalah, nanging Allah mitulungi aku.
14 Aku digawé rosa lan sentosa,
Panjenengané dakluhuraké nganggo
masmur, merga Panjenengané mitulungi
aku.
15 Ing omahé wong kang ngabekti
marang Allah, wong-wongé padha
surak-surak saka bungahé, merga wis
kaparingan kemenangan, pangucapé,
"Kemenangan iki pendamelé Allah kang
mahakwasa.
16 Pangwasané sing paring
kemenangan, pangwasané ana ing
sajroning peprangan!"
17 Aku bakal ora mati, aku tetep urip
lan bakal nyritakaké pakaryané Allah.
18 Allah banget anggoné ngajar marang
aku, nanging aku ora nganti ditégakaké
mati.
19 Aku bukakna lawangé Pedalemané
Allah, aku arep mlebu nyaosaké puji
sokur marang Allah.
20 Iki gapurané Allah, mung wong
mursid kena mlebu mréné.

21 Dhuh Allah, kawula memuji
dhateng Paduka, margi Paduka sampun
nyembadani panyuwun kawula, sarta
Paduka paringi pitulungan.
22 Watu kang ditampik déning ahli gawé
omah, ketitik dadi watu sing penting
dhéwé.
23 Kuwi merga saka pendamelé Allah,
sarta nggumunaké kanggoné kita.
24 Iki dina kamenangan peparingé Allah,
mulané ayo padha bungah-bungah lan
seneng-seneng!
25 Dhuh Allah, mugi mitulungi kawula,
kawula mugi Paduka luwari. Kawula
kaparingana kemenangan, dhuh Allah.
26 Binerkahana Panjenenganipun
ingkang rawuh atas asmanipun Allah!
Aku mujèkaké berkah marang kowé
kabèh saka Pedalemané Allah.
27 Pangéran iku Allah, Panjenengané
nindakaké kabecikan marang kita, kéwan
sing arep kanggo kurban cancangen
ana ing sunguné mesbèh, karo jèjèra
ngubengi mesbèh kuwi.
28 Paduka menika Allah kawula, mila
kawula puji. Kawula badhé nyariyosaken
kaluhuran Paduka.

29 Padha saosa puji marang Allah,
merga Panjenengané saé penggalihé,
lan sih-kadarmané langgeng selawasé.

119

1 Begja wong sing resik
uripé, sing uripé manut
angger-anggeré Allah.
2 Begja wong sing padha netepi
marang pepèngeté Allah; sarta sing
ngungsi marang Panjenengané kalawan
gumolonging atiné.
3 Lan ora nglakoni piala, nanging
nglakoni pitedahé Allah.
4 Paduka piyambak ingkang
ndhawuhaken pepakèn-pepakèn
menika, supados dipun tetepana kanthi
temen-temen.
5 Kados menapa kepéngin kawula
netepi dhawuh Paduka kalayan setya.
6 Menawi kawula nggatosaken dhawuh-
dhawuh Paduka, temtu kawula mboten
badhé kwirangan.
7 Paduka badhé kawula puji kalayan
trus ing manah, samasa kawula nyinau
prenatan Paduka ingkang adil menika.
8 Kawula badhé netepi prenatan Paduka,
mugi Paduka sampun ngantos nilar
kawula.

9 Kadospundi caranipun tiyang
nèm-nèman saged gesang kalayan
jujur, kejawi namung menawi netepi
pangandika Paduka?
10 Paduka ingkang kawula padosi
kalayan gumolonging manah, sampun
ngantos kawula Paduka tégakaken
nylèwèng nilar dhawuh Paduka.
11 Dhawuh Paduka kawula simpen ing
manah, supados kawula mboten damel
dosa dhateng Paduka.
12 Dhuh Allah, Paduka pinuji-pujia,
kawula mugi Paduka wulang bab
prenatan-prenatan Paduka.
13 Kawula badhé gentos nyariyosaken
kalayan swanten sora sakathahing
dhawuh Paduka wau.
14 Kawula èstokaken kalayan bingah
dhawuh-dhawuh Paduka, ngungkuli
menawi kawula gadhah sawernining
raja-brana.
15 Dhawuh Paduka kawula tliti, piwulang
Paduka kawula uji.
16 Kawula remen dhateng dhawuh
Paduka. Dhawuh-dhawuh Paduka
mboten badhé kawula supèkaken.
17 Paduka mugi maringi kasaénan
dhateng kawula, kang abdi; supados

kawula gesang lan mbangun-turut
dhateng dhawuh Paduka.
18 Mripat kawula mugi Paduka elèkaken,
supados kawula saged ningali kaleresan,
kaleresan ingkang élok wonten ing
dhawuh Paduka.
19 Kawula namung sekedhap wonten ing
donya ngriki, pramila dhawuh-dhawuh
Paduka sampun ngantos Paduka
dhelikaken tumrap kawula.
20 Manah kawula ngantos-antos
kepéngin mangertos dhawuh Paduka.
21 Tiyang angkuh Paduka ukum,
kénginga laknat tiyang ingkang nasar,
nilar dhawuh Paduka.
22 Kawula mugi kaluwarana saking
pamoyok lan panyia-nyia margi kawula
netepi dhawuh lan pepènget Paduka.
23 Senajan para pengageng sami
sarembag nglawan dhateng kawula,
éwasemanten abdi Paduka inggih
ngraos-ngraosaken dhawuh Paduka.
24 Dhawuh pepènget Paduka menika
sami dados kabingahan saha juru
pirembag kawula.
25 Kawula kasoran nggléthak wonten ing
lebu, mugi kawula Paduka gesangaken
malih miturut janji Paduka.

26 Kawula nerangaken menapa ingkang
kawula lampahi, ngantos Paduka lajeng
paring wangsulan.
27 Kawula mugi kawulanga bab dhawuh
Paduka, supados kawula ngraosaken
kaélokan Paduka.
28 Manah kawula sedhih margi saking
prihatos; mugi Paduka kiyataken miturut
janji Paduka.
29 Kawula mugi kasingkirna saking
margi ingkang nasar, lan kasumerepna
dhateng dhawuh Paduka, awit saking
sih-palimirma Paduka.
30 Kawula milih ngambah margi ingkang
leres, sarta nggatosaken dhateng
putusan-putusan Paduka.
31 Kawula rumaket dhateng dhawuh-
dhawuh Paduka, dhuh Allah, mugi
sampun Paduka wirangaken.
32 Kawula badhé netepi dhawuh
Paduka, awit Paduka paring tambahing
pangertosan dhateng kawula.
33 Dhuh Allah, kawula kasumerepna
suraosipun angger-angger Paduka, sarta
badhé kawula turut ing selaminipun.
34 Kawula kaparingana pangertosan
dhateng dhawuh-dhawuh Paduka,

sarta badhé kawula tetepi kalayan
gumolonging manah.
35 Kawula kasagedna mbangun-turut
dhateng dhawuh Paduka, awit menika
ingkang kawula remeni.
36 Manah kawula kadamela kasengsem
dhateng dhawuh pangandika Paduka,
ketimbang remen dhateng prekawis
ingkang nistha.
37 Mripat kawula mugi Paduka cegah
saking sumerep barang ingkang tanpa
gina. Paduka mugi nandukaken kesaénan
dhateng kawula miturut janji Paduka.
38 Mugi kersa netepi janji ingkang
Paduka paringaken dhateng kawula, abdi
Paduka, inggih janji ingkang Paduka
paringaken dhateng tiyang mursid.
39 Kawula kaluwarana saking kanisthan
ingkang damel geteré manah kawula;
sebab prenatan Paduka menika sedaya
saé.
40 Kawula remen mbangun-turut
dhateng dhawuh pangandika Paduka.
Kawula kaparingana gesang énggal,
ingkang remen dhateng kaleresan
Paduka.
41 Dhuh Allah, mugi ngetingalna
sih-kawelasan Paduka dhateng kawula,

kawula kapitulungana miturut janji
Paduka.
42 Supados kawula saged mangsuli
dhateng tiyang ingkang ngawon-awon
kawula, sebab kawula ngendelaken
dhateng pangandika Paduka.
43 Kawula kadamela tansah wicanten
kalayan leres, sebab kawula suméndhé
dhateng kaleresan Paduka.
44 Mila kawula badhé tansah netepi
dhawuh pangandika Paduka langgeng
selaminipun.
45 Kawula badhé gesang kalayan bébas,
margi dhawuh Paduka ingkang kawula
padosi.
46 Senajan wonten ing ngarsanipun para
raja pisan, kawula badhé medharaken
dhawuh pangandika Paduka, sarta
mboten badhé isin.
47 Kawula badhé kesengsem dhateng
dhawuh Paduka, ingkang kawula remeni.
48 Dhawuh Paduka kawula urmati lan
kawula senengi, piwulang Paduka badhé
kawula raos-raosaken.
49 Paduka mugi ngèngeti janji-janji,
ingkang Paduka paringaken dhateng
kawula, abdi Paduka, menika ingkang

Paduka dadosaken pengajeng-ajeng
kawula.
50 Salebeting nandhang kasisahan
kawula betah kalipur; kawula
kagesangna malih déning janji
Paduka.
51 Tiyang-tiyang angkuh tansah moyoki
kawula, éwasemanten kawula mboten
naté nilar dhawuh pangandika Paduka.
52 Dhuh Allah, kawula tansah kèngetan
dhateng kaleresan Paduka saking kina
mila, lajeng angsal panglipur.
53 Kawula nepsu sanget dhateng tiyang
awon, ingkang nerak angger-angger
Paduka.
54 Salebeting gesang kawula ing donya
kados tiyang neneka menika, kawula
ngrakit kekidungan bab angger-angger
Paduka.
55 Ing wanci dalu kawula ènget dhateng
Paduka, sarta ngraos-ngraosaken
dhawuh pangandika Paduka.
56 Kawula rumaos begja salebeting
ngraos-ngraosaken angger-angger
Paduka.
57 Dhuh Pangéran, namung Paduka
ingkang dados idham-idhamaning manah

kawula, kawula badhé ngèstokaken
dhawuh Paduka sedaya.
58 Adreng panyuwun kawula dhateng
Paduka, supados melasi kawula, kados
ingkang Paduka dhawuhaken piyambak.
59 Kawula ngraos-ngraosaken lampah
kawula, lan kawula janji badhé
nglampahi pitedah Paduka.
60 Kawula énggal-énggal, tanpa
ngendhé-endhé ngèstokaken dhawuh
Paduka.
61 Tiyang duraka sami pasang kala-jiret
kanggé kawula, nanging kawula mboten
kesupèn dhateng dhawuh Paduka.
62 Tengah ndalu kawula tangi memuji
dhumateng Paduka, margi dhawuh-
dhawuh Paduka menika ingkang
leres.
63 Kawula dados kancanipun
sakathahing tiyang ingkang ngabekti
dhateng Paduka, sarta ingkang netepi
dhawuh Paduka.
64 Dhuh Allah, salumahing bumi
kalubèran sih-kadarman Paduka, kawula
mugi Paduka wulang bab dhawuh
Paduka.

65 Dhuh Allah, Paduka sampun netepi
janji Paduka, lan sampun maringaken
kasaénan dhateng kawula, abdi Paduka.
66 Kawula mugi Paduka paringi
kawicaksanan lan pangertosan, sebab
kawula pitados dhateng dhawuh Paduka.
67 Sadèrèngipun kawula manggih
sangsara, lampah kawula kesasar,
nanging samenika kawula ngèstokaken
pangandika Paduka.
68 Paduka menika saé ing penggalih,
sarta tansah maringi kasaénan;
kawula mugi Paduka wulang netepi
dhawuh-dhawuh Paduka sedaya.
69 Tiyang angkuh sami goroh ing
ngatasipun kawula, mangka kawula
netepi pepakèn Paduka kalawan
gumolonging manah.
70 Tiyang-tiyang menika sami
ndableg, nanging menggah kawula,
dhawuh-dhawuh Paduka menika dados
kabingahan kawula.
71 Enggèn kawula sampun kasangsara
menika maédahi, sebab ndadosaken
kawula nyinau dhawuh Paduka.
72 Dhawuh peparing Paduka menika
maédahi dhateng kawula, ngungkuli
sakathahing emas lan slaka ing bumi.

73 Paduka ingkang nitahaken kawula
lan yasa badan kawula, mugi paring
kawicaksanan supados kawula
mangertos dhateng dhawuh Paduka.
74 Para tiyang ingkang ngabekti dhateng
Paduka, sami ningali kawula kalayan
bingah, margi kawula ngandel dhateng
janji-janji Paduka.
75 Kawula mangertos, dhuh Allah, bilih
dhawuh Paduka menika leres, saha
enggèn Paduka ngajar kawula menika
margi saking sih-kaleresan Paduka.
76 Kasetyan Paduka menika mugi
dadosa panglipur kawula, kados janji
Paduka dhateng kawula, kang abdi.
77 Kawula kaparingana sih-rahmat
Paduka, supados kawula gesang, margi
namung Torèt Paduka menika ingkang
dados kabingahan kawula.
78 Tiyang angkuh ingkang damel
pandakwa palsu dhateng kawula
badhé sami kwirangan, nanging
menggahing kawula, kawula badhé
ngraos-ngraosaken piwulang Paduka.
79 Para tiyang ingkang ngabekti dhateng
Paduka saha mangertos dhateng dhawuh
Paduka, sami ngguyubana kawula.

80 Kawula kasagedna mbangun-turut
dhateng dhawuh Paduka kalayan
éklasing manah, sarta katebihna saking
kwirangan.
81 Kawula ngajeng-ajeng pangluwaran
peparing Paduka, pangandika Paduka
ingkang kawula ajeng-ajeng,
82 Mripat kawula pendul saking
ngajeng-ajeng dhateng katetepaning
janji Paduka, pangucap kawula,
"Mbénjing menapa Paduka rawuh paring
pitulungan dhateng kawula?"
83 Senajan kawula sampun tanpa gina
kados impes ingkang garing kisut,
éwasemanten inggih mboten supé
dhateng dhawuh Paduka.
84 Kantun pinten umuripun abdi Paduka?
Mbénjing menapa enggèn Paduka badhé
ngadili tiyang-tiyang ingkang nyia-nyia
kawula?
85 Tiyang angkuh ingkang mboten
miturut ing dhawuh-dhawuh Paduka,
menika sami ndhudhuk jugangan kanggé
kawula.
86 Sakathahing dhawuh Paduka menika
leres, kawula dipun oyak-oyak tanpa
sebab, pramila mugi Paduka pitulungi.

87 Mèh-mèh kémawon tiyang-tiyang
wau badhé mejahi kawula, éwasemanten
kawula mboten nilar dhateng dhawuh
Paduka.
88 Kawula mugi Paduka lestantunaken
gesang, awit saking sih-katresnan
Paduka, supados kawula saged netepi
dhawuh Paduka.
89 Dhuh Allah, sih-kadarman Paduka,
menika langgeng kados wonten ing
swarga.
90 Kasetyan Paduka menika turun-
temurun, bumi Paduka papanaken
kalayan sentosa, mila lestantun
selaminipun.
91 Sedaya tumitah lestantun sepriki,
margi saking prenatan Paduka;
sawernining tumitah sami dados abdi
Paduka.
92 Menawi angger-angger Paduka
mboten dados kabingahan kawula,
mesthi kawula sampun sami tiwas
déning karibedan.
93 Kawula badhé mboten kesupèn
dhateng dhawuh Paduka ing selami-
laminipun, awit inggih menika
marginipun Paduka nggesangaken
kawula.

94 Kawula menika kagungan Paduka,
pramila mugi Paduka pitulungi, awit
ingkang kawula angen-angen menika
dhawuh Paduka.
95 Tiyang duraka sami ndingkik kawula,
badhé dipun tumpes, mangka ingkang
kawula manah menika dhawuh Paduka.
96 Kautamènipun manungsa menika
wonten watesipun, nanging dhawuh
Paduka menika sampurna, tanpa
wangenan.
97 Kawula remen sanget dhateng
dhawuh-dhawuh Paduka, sadinten-
dinten tansah kawula raos-raosaken.
98 Dhawuh Paduka paring kawicaksanan
dhateng kawula, ngantos ngungkuli
satru-satru kawula, margi dhawuh
Paduka dumunung wonten ing manah
kawula ing selaminipun.
99 Pangertosan kawula langkung kathah
ketimbang kaliyan guru-guru kawula,
margi kawula ngraos-ngraosaken
piwulang Paduka.
100 Kawula langkung wicaksana
ketimbang kaliyan tiyang-tiyang sepuh,
margi kawula netepi dhawuh Paduka.

101 Kawula nyingkiri sawernining
pendamel awon, awit kawula badhé
ngèstokaken dhawuh Paduka.
102 Kawula mboten nyimpang saking
dhawuh Paduka, awit Paduka menika
guru kawula.
103 Iba manisipun raosing pangandika
Paduka, ngungkuli legining madu wonten
ing ilat kawula.
104 Dhawuh Paduka paring kapinteran
dhateng kawula, pramila kawula sengit
dhateng pendamel nasar.
105 Pangandika Paduka menika dados
dilah ing ngajenging suku kawula, sarta
dados pepadhang tumraping margi
kawula.
106 Kawula sampun supaos lan inggih
badhé kawula tetepi, bilih kawula badhé
ngèstokaken dhawuh Paduka ingkang
sipat leres menika.
107 Dhuh Allah, sanget-sanget enggèn
kawula tinindhes, mugi kawula Paduka
paringi gesang, laras kaliyan janji
Paduka.
108 Dhuh Allah, mugi kersa nampi
pamuji sokur kawula, lan mugi kersa
memulang dhateng kawula bab dhawuh
Paduka.

109 Gesang kawula tansah ngadhepi
bebaya, nanging kawula mboten supé
dhateng dhawuh Paduka.
110 Tiyang duraka sami masangi kala
dhateng kawula, éwadéné kawula
mboten nylèwèng saking dhawuh
Paduka.
111 Dhawuh Paduka menika pusaka
kawula ingkang langgeng; awit menika
dados kabingahaning manah kawula.
112 Kawula sampun mantep badhé
ngèstokaken dhawuh Paduka, selami
kawula gesang.
113 Kawula éwa dhateng tiyang ingkang
mboten setya dhateng Paduka, nanging
kawula remen dhateng dhawuh Paduka.
114 Paduka menika pengayoman lan
tetamèng kawula, kawula ngantos-antos
dhateng janji Paduka.
115 Hé para wong kang seneng
nylèwèng, padha sumingkira saka aku,
aku arep netepi dhawuhé Allahku.
116 Kawula mugi Paduka sentosakaken,
laras kaliyan janji Paduka; supados
kawula gesang sarta sampun ngantos
kwirangan menggahing pengajeng-ajeng
kawula.

117 Kawula mugi Paduka cepengi
supados wilujeng, sarta tansah
kesengsem dhateng dhawuh Paduka.
118 Sakathahing tiyang ingkang
nylèwèng saking dhawuh Paduka,
menika sami tanpa aji ing ngarsa
Paduka; paékanipun menika tanpa gina.
119 Sakathahipun tiyang duraka sami
Paduka bucal kados larahan, mila kawula
remen dhateng dhawuh Paduka.
120 Badan kawula gemeter awit saking
ajrihipun dhateng Paduka, kawula ajrih
sanget dhateng paukuman Paduka.
121 Kawula sampun ngèstokaken
sakathahing dhawuh lan kaleresan
Paduka, sampun ngantos kawula Paduka
ulungaken ing tanganipun tiyang ingkang
nganiaya.
122 Paduka mugi kersa nanggel
kawilujenganipun abdi Paduka, amrih
saénipun. Tiyang angkuh sampun
ngantos nganiaya dhateng kawula.
123 Mripat kawula cecengklungen
dhateng pitulungan ingkang Paduka
janjèkaken, sarta ngantos-antos
katetepaning janji Paduka ingkang adil.

124 Abdi Paduka kaganjara ingkang laras
kaliyan sih-kadarman Paduka, sarta
mugi Paduka wulang dhawuh Paduka.
125 Kawula menika abdi Paduka, mugi
Paduka paringi pangertosan, murih
kawula mangertos dhateng pepènget
Paduka.
126 Dhuh Allah, sampun wekdalipun
Paduka tumindak, margi tiyang sami
nerak dhawuh Paduka.
127 Kawula remen dhateng dhawuh
Paduka, ngungkuli emas ingkang saé
piyambak.
128 Sakathahing dhawuh Paduka
menika kawula anggep leres, nanging
sawernining panylèwèng saking dhawuh
Paduka, kawula sengiti.
129 Piwulang Paduka menika élok
ngédab-édabi, mila kawula èstokaken
kalawan gumolonging manah.
130 Ketrangan bab pangandika
Paduka menika paring pepadhang, lan
kawicaksanan tumrap tiyang ingkang
mboten gadhah pangertosan.
131 Saking remen kawula dhateng
pangandika Paduka, kawula ngantos
megap-megap.

132 Mugi kersa nolèh dhateng kawula
kalayan sih-rahmat Paduka, kados
enggèn Paduka mirsani dhateng sedaya
tiyang ingkang asih dhateng Paduka.
133 Kawula mugi Paduka jagi sampun
ngantos dhawah, sampun ngantos
kawula Paduka tégakaken, sampun
ngantos dipun kwaosi déning piawon.
134 Kawula mugi kaluwarana saking
tiyang ingkang nindhes dhateng kawula,
mila kawula badhé ngèstokaken dhawuh
Paduka.
135 Kawula mugi Paduka berkahi srana
enggèn kawula nunggil Paduka, lan
nampèni piwulang bab dhawuh Paduka.
136 Kawula sedhih nangis crocosan,
margi saking kathahipun tiyang ingkang
mboten netepi dhawuh Paduka.
137 Dhuh Allah, Paduka menika adil, lan
dhawuh Paduka menika leres.
138 Prenatan peparing Paduka, menika
adil lan leres sedaya.
139 Manah kawula bentèr kados
urubing latu, margi satru kawula sami
nglirwakaken dhawuh Paduka.
140 Janji Paduka menika mantep sanget,
mila kawula géndholi saèstu.

141 Kawula tiyang alit sarta mboten
kajèn, nanging mboten supé dhateng
dhawuh Paduka.
142 Pengadilan Paduka menika leres
langgeng selaminipun, mekaten
ugi dhawuh Paduka menika dhapur
kayektosan.
143 Kawula ngalami karibedan tuwin
giris, nanging dhawuh Paduka sami
dados kabingahan kawula.
144 Pepènget-pepènget Paduka menika
selaminipun leres, kawula kaparingana
pangertosan, supados kawula tetep
gesang.
145 Kawula ndedonga kalawan
gumolonging manah, dhuh Allah, mugi
Paduka sembadani, sarta kawula badhé
netepi dhawuh Paduka.
146 Kawula sesambat dhateng Paduka,
mugi kawula Paduka pitulungi, kawula
badhé ngèstokakaken dhawuh pepènget
Paduka.
147 Ing wanci énjing umun-umun
kawula sampun tangi sesambat
nyuwun pitulungan, kawula namung
ngajeng-ajeng kelampahaning janji
Paduka.

148 Sedalu muput kawula mboten tilem,
ngraos-ngraosaken pangandika Paduka.
149 Dhuh Allah, mugi miyarsakaken
pandonga kawula, awit saking sih-
kadarman Paduka, sarta kawula mugi
kalestantunaken gesang, miturut
prenatan Paduka.
150 Tiyang ingkang ngangkah damel
awon dhateng kawula sampun sami
nyelak, inggih tiyang-tiyang ingkang
nylèwèng saking dhawuh Paduka.
151 Nanging dhuh Allah, Paduka menika
celak, lan dhawuh Paduka menika
sedaya leres.
152 Sampun lami kawula mangertos
bilih dhawuh Paduka menika kanggé
selami-laminipun.
153 Paduka mugi mirsani dhateng
kesrakatan kawula, sarta kawula
kaluwarana, awit kawula mboten supé
dhateng dhawuh-dhawuh Paduka.
154 Paduka mbélanana prekawis
kawula, saha kawula mugi Paduka
luwari, menapa malih mugi Paduka
lestantunaken gesang miturut janji
Paduka.

155 Tiyang awon mboten badhé Paduka
pitulungi, margi sami mboten netepi
dhawuh Paduka.
156 Dhuh Allah, sih-piwelas Paduka
menika kathah, kawula mugi Paduka
lestantunaken gesang miturut janji
Paduka.
157 Kathah tiyang ingkang nguya-uya
kawula, nanging kawula mboten
nylèwèng saking pepènget Paduka.
158 Kawula éwa dhateng tiyang ingkang
sami seneng goroh, déné sami mboten
ngèstokaken dhawuh Paduka.
159 Paduka mugi mirsani, bilih kawula
remen dhateng dhawuh Paduka! Dhuh
Allah, mugi Paduka nglestantunaken
kawula gesang, awit saking sih-
kadarman Paduka.
160 Isining pangandika Paduka menika
kayektosan, lan dhawuh-dhawuh Paduka
menika sedaya leres selami-laminipun.
161 Kawula dipun kuya-kuya déning
para pengageng tanpa sebab, nanging
manah kawula namung ajrih dhateng
pangandika Paduka.
162 Kawula bingah awit saking janji
Paduka, kados tiyang ingkang angsal
jarahan kathah.

163 Kawula sengit dhateng tembung
goroh, nanging remen dhateng
dhawuh-dhawuh Paduka.
164 Kawula memuji Paduka sedinten
kaping pitu, margi dhawuh-dhawuh
Paduka menika leres.
165 Tiyang ingkang remen dhateng
dhawuh-dhawuh Paduka, menika sami
ngalami katentreman, lan mboten
wonten ingkang murugaken sami
dhawah.
166 Dhuh Allah, kawula ngajeng-ajeng
pitulungan Paduka, sarta nglampahi
dhawuh Paduka.
167 Kawula mbangun-turut dhateng
pepènget-pepènget Paduka, inggih
menika ingkang kawula remeni.
168 Pepènget lan dhawuh Paduka
menika sami kawula tetepi. Paduka pirsa
sedaya ingkang kawula lampahi.
169 Dhuh Allah, pesambat kawula
kaaturaken wonten ing ngarsa Paduka,
kawula kaparingana pangertosan cocog
kaliyan janji Paduka.
170 Pesambat kawula mugi Paduka
piyarsakaken, kawula mugi kaentasna
miturut janji Paduka.

171 Lambé kawula badhé memuji Paduka, margi Paduka sampun mulangaken dhawuh Paduka dhateng kawula.
172 Kawula badhé ngidungaken dhawuh-dhawuh Paduka, awit dhawuh-dhawuh Paduka menika leres.
173 Asta Paduka mugi cumepak mitulungi kawula, awit kawula remen dhateng dhawuh-dhawuh Paduka.
174 Dhuh Allah, pitulungan Paduka ingkang kawula ajeng-ajeng, saha dhawuh-dhawuh Paduka ndadosna kabingahan kawula.
175 Kawula mugi kaparingana gesang, supados kawula memuji dhateng Paduka, saha dhawuh Paduka dadosa pitulungan kawula.
176 Kawula menika kesasar kados ménda ingkang ketriwal. Paduka kersaa rawuh madosi kawula, abdi Paduka, margi kawula mboten nglirwakaken dhawuh Paduka.

120 1 Kidung jiarah. Sajroning karubedanku aku sesambat marang Allah, banjur disembadani.

2 Dhuh Allah, mugi nguwalaken kawula saking tiyang ingkang seneng goroh, lan tiyang ingkang ngapusi.
3 Hé wong goroh, kowé bakal dikapakaké déning Allah? Saiba enggonmu bakal diwales déning Allah!
4 Ngagem panahé kang ampuh, lan nganggo mawa sing mengangah.
5 Adhuh cilaka aku, manggon ing antaramu; iku padha karo manggon ing tanah Mèsèkh, kaya manggon ing antarané wong Kédar.
6 Lawas temen enggonku manggon bebarengan karo wong sing sengit karo urip rukun.
7 Aku seneng rukun, lan saben-saben aku ngucap bab pirukun, wong-wong mau padha milih perang.

121 1 Kidung jiarah. Mripatku ndeleng marang gunung-gunung; pitulunganku asalé saka ing ngendi?
2 Pitulunganku asalé saka Allah, kang nitahaké langit lan bumi.
3 Panjenenganè bakal ora négakaké kowé tiba; kang ngreksa kowé bakal siyaga.

4 Kang ngreksa Israèl ora bakal ngantuk
utawa saré.
5 Allah kang ngreksa kowé, Allah iku
pengayomanmu; Panjenengané ana ing
sandhingmu lan ngreksa marang kowé.
6 Ing wayah awan kowé ora bakal
kepanasen déning srengéngé, utawa ing
wayah bengi déning rembulan.
7 Kowé bakal direksa déning Allah,
kauwalaké saka sakèhé bebaya,
Panjenengané bakal mitulungi kowé.
8 Allah bakal ngreksa mlebu-metumu,
wiwit samengko tekan ing selawasé.

122

1 Kidung jiarah anggitané
Dawud. Aku bungah menawa
ana wong ngajak aku, "Ayo padha
munggah menyang Pedalemané Allah."
2 Hé Yérusalèm, saiki aku wis tekan
kéné, ngadeg ing sajroning gapuramu.
3 Yérusalèm kuwi kutha sing kabangun
éndah, ditata rapi ngresepaké.
4 Para bangsa padha jiarah mréné,
yakuwi taler-taleré Israèl, padha saos
sokur marang Pangéran, cocog karo
dhawuhé.
5 Para ratuné Israèl turuné Dawud,
padha pinarak ing kéné, ngadili umaté.

6 Padha nyuwuna katentreman kanggo
Yérusalèm: "Diganjara karaharjan
sakèhé wong kang tresna marang
Yérusalèm.
7 Tentrem rahayu anaa ing sajroning
bètèngmu, karaharjan anaa ing
kedhatonmu."
8 Krana saka para sedulur lan para
mitraku aku ngucap, "Tentrem rahayu
anaa ing kowé!"
9 Krana saka Pedalemané Pangéran,
Allahku, aku bakal tansah nyenyuwun
kanggo keslametanmu!

123 1 Kidung jiarah. Dhuh Allah,
kawula tumenga dhateng
Paduka, ingkang pinarak wonten ing
swarga.
2 Kados mripating abdi ningali dhateng
astaning bendaranipun, sarta mripatipun
réncang èstri ngawasaken astaning
bendaranipun èstri, kados mekaten
mripat kawula ningali dhateng Pangéran,
Allah kawula, ngantos-antos rentahing
sih-piwelasipun.
3 Dhuh Allah, kawula mugi sami Paduka
welasi, inggih mugi Paduka welasi, margi
kawula sampun mboten betah dipun
sewenang-wenang.

4 Kawula sampun mboten tahan nampi,
pamoyokipun tiyang-tiyang angkuh.

124 1 Kidung jiarah anggitané
Dawud. Yèn ajaa Allah
piyambak kang ngreksa marang kita,
kaya apa kaanan kita hé, Israèl?
2 "Yèn ajaa Allah piyambak kang
ngayomi kita, nalika kita padha diserang,
déning mungsuh-mungsuh kita,
3 kita mesthi wis diuntal urip-uripan,
sajroning mulad-mulading nepsuné
marang kita.
4 Kita mesthi kakéntiraké déning banjir,
lan mesthi wis padha kleleb;
5 kita mesthi wis padha kesilep ing
sajroning ombak sing molak-malik."
6 Pinuji-pujia Allah kang ora ngulungaké
kita supaya kasirnakaké déning
mungsuh.
7 Kita padha oncat kaya manuk saka
kalané wong mikat, kalané rantas, kita
nuli padha bébas.
8 Pitulungan kita iki asalé saka Allah
kang nitahaké langit lan bumi.

125 1 Kidung jiarah. Sakèhé wong
kang precaya marang Allah,
kuwi padha kaya Gunung Sion, kang ora
obah-obah, langgeng selawasé.

2 Kaya déné Yérusalèm dikepung ing gunung, kaya mengkono anggoné Allah ngreksa marang umaté, wiwit saiki tekan selawasé.

3 Wong ala ora bakal suwé anggoné njajah tanahé wong mursid, supaya wong mursid mau aja nganti kepeksa nindakaké piala.

4 Dhuh Allah, Paduka mugi maringi kasaénan dhateng tiyang ingkang saé, inggih tiyang-tiyang ingkang netepi dhawuh Paduka.

5 Nanging tiyang duraka mugi Paduka sirnakakaken sareng kaliyan tiyang ingkang nilar dhawuh Paduka. Israèl kaparingana tentrem rahayu!

126 1 Kidung jiarah. Nalika Allah ngulihaké kita menyang Yérusalèm, rasané kaya wong ngimpi.

2 Nalika semono kita padha ngguyu lan surak-surak merga saka bungah kita. Bangsa-bangsa liya padha kandha, "Allah wis gawé kaélokan gedhé kanggo bangsa kuwi."

3 Pancèn, Allah wis nindakaké kaélokan kanggo kita! Iba begja kita!

4 Dhuh Allah, Paduka mugi mangsulaken
kawontenan kawula, kados jawah
ingkang mangsulaken lèpèn asat.
5 Tiyang ingkang nyebar wiji kalayan
nangis, mesthi badhé ngundhuh kalayan
surak-surak.
6 Lunganė karo nangis nggawa wiji
sing bakal disebar, balinė karo bungah,
ngusung panènanė.

127

1 Kidung jiarah anggitané
Suléman. Menawa dudu Allah
kang yasa omah, tanpa gawé tukangé
olèhé nggarap. Menawa dudu Allah kang
ngreksa marang negara, tanpa gawé
wong jaga anggoné melèk.
2 Tanpa gawé enggonmu tangi umun-
umun, enggonmu nglakoni melèk tekan
tengah wengi, enggonmu mangan
pametuné kasusahan, yèn dudu Allah
kang nindakaké, sebab para kekasihé
Allah padha kaparingan sajroning lagi
turu.
3 Anak-anak lanang kuwi peparingé
Allah, wohing wetengan kuwi ganjarané.
4 Kaya panah ing tanganė prejurit, kaya
mengkono anak lanang tumraping bapak
nalika nomé.

5 Begja wong sing duwé panah akèh
kaya mengkono, wong mau bakal ora
isin samasa ketemu lawanané ana ing
gedhong musawarah.

128 1 Kidung jiarah. Begja saben
wong sing ngabekti marang
Allah, lan sing ngambah dalan pitedahé.
2 Kowé bakal mangan pametuné
pegawéanmu, uripmu bakal kebak
kabungahan lan mubra-mubru.
3 Rabimu bakal kaya wit anggur
sing awoh ana ing njero omah. Lan
anak-anakmu lanang presasat wit-wit
zaitun nom, kang ngepung ing méjamu.
4 Kaya mengkono kena dipesthèkaké
wong kang ngabekti marang Allah
enggoné kaberkahan.
5 Allah mberkahana kowé saka ing
Sion, sarta kowé muga weruha kutha
Yérusalèm, saya tambah makmur,
sajegmu urip.
6 Karomenèh dawaa umurmu
menangana anak-putumu. Tentrem
rahayu anaa ing Israèl!

129 1 Kidung jiarah. Pangucapé
Israèl, "Banget enggonku
diganggu ing wong, wiwit nom mula.

2 Anggonku nandhang karubedan wiwit
aku isih nom, nanging aku ora bisa
dikalahaké.
3 Gegerku ditatoni nganti jero, presasat
sawah sing diluku.
4 Nanging Allah kang mahaadil ngluwari
aku saka bandané wong duraka."
5 Wong sing sengit marang Sion bakal
kwirangan lan digawé mundur.
6 Wong mau bakal kaya suket sing
thukul ing payoné omah, sing alum
sadurungé dibedhol.
7 Yèn dierit ora ana sagegem, yèn
dibongkok ora dadi sabopongan.
8 Wong sing liwat ora ana sing
nggatèkaké, karo muni, "Allah
mberkahana kowé. Kowé dakpujèkaké
becik atas asmané Allah."

130 1 Kidung jiarah. Saking
telenging batos ingkang putek,
kawula sesambat dhateng Paduka, dhuh
Allah.
2 Dhuh Gusti, mugi miyarsakaken
panjerit kawula! Pesambat kawula
nyuwun pitulungan, mugi Paduka
sembadani!

3 Menawi Paduka ngèngeti dhateng
piawonipun tiyang, dhuh Pangéran,
sinten ingkang saged lestantun?
4 Nanging Paduka sampun paring
pangapunten, supados tiyang sami ajrih
dhateng Paduka.
5 Aku ngarep-arep marang pitulungané
Allah, aku ngandel karo janjiné.
6 Enggonku nganti-anti marang
Pangéran cecengklungen, ngluwihi wong
jaga ngarep-arep wayah ésuk.
7 Israèl, ngandela marang Pangéran,
awit Panjenenganè iku asih-darma, lan
selawasé kersa paring pitulungan.
8 Panjenenganè bakal mitulungi Israèl,
umaté, uwal saka sakèhé dosané.
131 1 Kidung jiarah anggitané
Dawud. Dhuh Allah, kawula
sampun mboten angkuh malih, saha
sampun nilar watak gemunggung.
Kawula mboten nggayuh dhateng
ingkang inggil-inggil, sarta mboten
mbujeng dhateng prekawis-prekawis
ingkang mokal tumraping kawula.
2 Kosokwangsulipun, kawula sampun
marem lan tentrem; presasat
laré ingkang mèndel wonten ing

géndhongané biyungipun, inggih
mekaten tentreming nyawa kawula.
3 Precayaa marang Allah, hé Israèl,
wiwit saiki lan ing selawasé!

132 1 Kidung jiarah. Dhuh Allah,
Paduka mugi ngèngeti dhateng
Dawud lan sakathahing kangèlanipun.
2 Mugi ngèngeti dhateng janjinipun,
inggih dhateng sumpahipun dhateng
Paduka, Allahipun Yakub.
3 "Kawula mboten badhé wangsul
mlebet ing griya, utawi mapan tilem ing
patileman kawula,
4 (132:3)
5 menawi kawula dèrèng manggihaken
panggènan kanggé Pangéran, inggih
dalem kagem ingkang Mahakwaos,
Allahipun Yakub."
6 Ana ing Bètléhèm kita wis padha
ngrungu bab Pethining Prejanjian, kang
ana ing tanah lebak ing daérah Yéarim.
7 Pangucap kita, "Payo kita padha mlebu
marang Pedalemané Allah, padha sujud
ana ing ngarsané dhamparé."
8 Dhuh Allah, Paduka mugi rawuh
ing papan palereman Paduka, ing
ngriku wonten Pethining Prejanjian,

pretandhaning pangwaos Paduka, saha
mugi dedalem ing ngriku selaminipun.
9 Imam-imam Paduka mugi selaminipun
nindakaken kaleresan, saha umat
Paduka sami surak-suraka awit saking
bingahipun.
10 Mugi Paduka sampun nampik dhateng
pandonganipun abdi Paduka Dawud,
sampun nampik dhateng raja ingkang
Paduka jebadi.
11 Allah wis dhawuh marang Dawud
kanthi supaos, kang mesthi ora
dibatalaké, pangandikané, "Turunira
bakal Daklungguhaké ana ing
dhamparmu.
12 Angger turunmu tetep ngèstokaké
janji-Ku, sarta sakèhé prenatan kang
Dakwulangaké marang dhèwèké. Dadiné
anak-putuné turunmu mau iya bakal
padha lungguh ing dhamparmu, ing
selawas-lawasé."
13 Sebab Allah wis milih Sion,
dikersakaké dadi Pedalemané.
14 Pangandikané, "Ana ing kéné
pakèndelan-Ku selawasé, iya ing kéné
pedaleman-Ku, iya mengkono kersa-Ku.

15 Sion bakal Dakcukupi kebutuhané
kalawan lubèr, wongé mlarat bakal
Dakwaregi nganggo roti.
16 Para imamé bakal Dakberkahi ing
samubarang pegawéan kang dilakoni;
sarta wong mursid bakal padha
surak-surak déning bangeté bungahé.
17 Ana ing kono anak-turuné Dawud
bakal Dakdadèkaké raja agung
salah siji, ratu jebadan-Ku iku bakal
Daklestarèkaké pepréntahané.
18 Mungsuhé bakal nandhang
kwirangan, nanging kratoné Dawud
bakal lestari tentrem lan makmur."

133 1 Kidung jiarah anggitané
Dawud. Iba éndahé lan
ngresepaké, menawa umaté Allah uripé
padha rukun.
2 Upamané kaya lenga jebad adi sing
ndlèwèr saka sirahé Harun banjur
mudhun ana ing jénggoté, nelesi guluné
jubahé.
3 Kuwi kaya ebuné Gunung Hèrmon
sing mili nelesi gunungé Sion. Ana ing
kono Allah ndhawahaké berkahé, urip
langgeng ing selawasé.

134 1 Kidung jiarah. Ayo padha
memuji marang Allah, hé

sakèhé para abdiné, kang ngladosi ing
Pedalemané Allah ing wayah bengi.
2 Padha ndedongaa ana ing Pedalemané
karo ngulukaké tanganmu, sarta
memujia marang Pangéran!
3 Pangéran kang nitahaké langit lan
bumi, mberkahana kowé saka ing Sion!

135

1 Haléluya! Pujinen asmané
Allah, hé para abdiné kabèh,
2 kang padha teka ngladosi ana ing
Pedalemané Allah, lan ana ing platarané.
3 Padha saosa puji marang Allah, sebab
Allah iku becik, asmané padha kidungna
nganggo masmur, sebab asmané iku
élok.
4 Allah wis milih Yakub, iya Israèl dadi
kagungané piyambak.
5 Satemené aku wis ngerti yèn Allah iku
Mahaluhur, kaluhurané ngungkuli para
déwa.
6 Allah nindakaké apa sing dadi kersané
ana ing swarga lan ing bumi, ing segara
lan ing samodra jembar.
7 Panjenengané ndadèkaké mendhung
mumbul ing pungkasané bumi, nitahaké
bledhèg bareng lan udan, lan angin
diwetokaké saka simpenané.

8 Ana ing Mesir Panjenenganè numpes
pembarepé manungsa lan kéwan.
9 Ana ing kana Panjenenganè gawé
mujijat lan kaélokan, ngukum Sang
Prabu lan para abdiné kabèh.
10 Panjenenganè nelukaké bangsa-
bangsa gedhé, lan matèni raja-raja kang
kwasa, kayata:
11 Sihon, ratuné bangsa Amori, Og,
ratuné bangsa Basan, lan sakèhé kraton
ing tanah Kenaan,
12 sarta tanahé diparingaké dadi
darbèké Israèl, umaté.
13 Dhuh Allah, Paduka selaminipun
tetep dipun wartosaken, badhé dipun
damel misuwur, ngantos turun-temurun.
14 Awit Allah ngreksa marang umaté,
sarta melasi marang para kawulané.
15 Brahalané para bangsa wujud
slaka utawa emas, gawéaning tanganė
manungsa.
16 Padha duwé cangkem, nanging ora
bisa clathu, padha duwé mripat, nanging
ora bisa ndeleng.
17 Padha duwé kuping, nanging ora
bisa ngrungu, uga cangkemé ora ana
ambekané.

18 Para wong sing gawé padha dadia
kaya brahalané mau, mengkono uga
sakèhé wong sing ngendelaké marang
brahala.
19 Hé wong Israèl, padha saosa puji
marang Allah, hé para umaté Allah,
padha memujia asmané.
20 Hé para wong Lèwi, padha saosa puji
marang Allah, padha ngluhurna asmané,
hé sakèhé wong kang ngabekti marang
Panjenenganè.
21 Pangéran kasaosana puji ana ing
Sion, Panjenenganè kang ngedhaton ing
Yérusalèm. Haléluya!

136

1 Padha saosa puji marang
Allah, awit Panjenenganè iku
becik, sih-kasetyané langgeng selawasé.
2 Padha saosa puji marang Allahé para
allah, awit sih-kasetyané langgeng
selawasé.
3 Padha saosa puji marang Gustiné
para gusti, awit sih-kasetyané langgeng
selawasé.
4 Mung Panjenenganè piyambak
kang nindakaké kaélokan gedhé, awit
sih-kasetyané langgeng selawasé.

5 Panjenengané nitahaké langit kanthi
kawicaksanan, awit sih-kasetyané
langgeng selawasé.
6 Kang ngedegaké bumi ana ing
dhasaring segara, awit sih-kasetyané
langgeng selawasé.
7 Kang nitahaké srengéngé lan
rembulan, awit sih-kasetyané langgeng
selawasé.
8 Iya srengéngé kang ngwasani rina,
awit sih-kasetyané langgeng selawasé.
9 Sarta rembulan lan lintang-lintang
sing ngwasani wengi, awit sih-kasetyané
langgeng selawasé.
10 Kang nekakaké pepati marang anak
mbarepé wong Mesir, awit sih-kasetyané
langgeng selawasé.
11 Israèl banjur diirid metu saka ing
kono, awit sih-kasetyané langgeng
selawasé.
12 Srana astané kang rosa lan lengené
kang sekti, awit sih-kasetyané langgeng
selawasé.
13 Kang miyak banyuné Segara Teberau,
awit sih-kasetyané langgeng selawasé.
14 Israèl nuli disabrangaké metu
ing segara mau, awit sih-kasetyané
langgeng selawasé.

15 Kang nglelepaké Raja Pringon
sawadyabalané ing Segara Teberau, awit
sih-kasetyané langgeng selawasé.
16 Kang ngirid lakuné ana ing segara
wedhi, awit sih-kasetyané langgeng
selawasé.
17 Kang perang lan ngalahaké raja
gedhé-gedhé, awit sih-kasetyané
langgeng selawasé.
18 Kang matèni ratu-ratu sing kwasa,
awit sih-kasetyané langgeng selawasé.
19 Yaiku Sihon ratuné bangsa Amori,
awit sih-kasetyané langgeng selawasé.
20 Lan Og ratu ing Basan, awit
sih-kasetyané langgeng selawasé.
21 Tanahé banjur diparingaké dadi tanah
pusaka, awit sih-kasetyané langgeng
selawasé.
22 Iya dadi tanah pusakané Israèl,
umaté, awit sih-kasetyané langgeng
selawasé.
23 Iya Allah kang ngèngeti marang
kita sajroning kita kasoran, awit
sih-kasetyané langgeng selawasé.
24 Kang ngrebat kita saka tangané
mungsuh kita, awit sih-kasetyané
langgeng selawasé.

25 Kang paring pangan marang sakèhing
tumitah, awit sih-kasetyané langgeng
selawasé.
26 Padha saosa puji marang Allah ing
swarga, awit sih-kasetyané langgeng
selawasé.

137

1 Samasa kèlingan Sion, aku
banjur padha ndhéprok karo
nangis, ana ing pinggiring kali-kali ing
Babil.
2 Clempung-clempungku padha
dakgantung ana ing wit arabah sing ana
ing kono.
3 Sebab ana ing kono aku padha dikon
wong-wong sing nawan aku, supaya
nglagokaké kekidungan; wong sing
padha nyia-nyia aku padha akon aku
bungah-bungah, pangucapé, "Aku padha
kidungna kidungé Sion!"
4 Kepriyé bisaku ngidungaké kidungé
Allah ana ing tanah manca?
5 Dhuh Yérusalèm, menawa aku lali
marang kowé, tanganku tengen dadia
apus!
6 Ilatku kelèta karo cethakku, menawa
aku lali karo kowé, yakuwi menawa
Yérusalèm ora dakmulyakaké dadi
pucaking kabungahanku.

7 Dhuh Allah, Paduka mugi ènget
dhateng bangsa Édom, ingkang nalika
Yérusalèm karisak mungel, "Gempuren,
gempuren sing tandhes, jugrugna nganti
tekan pondhasiné pisan!"
8 Hé Babil, kowé bakal digempur; begja
wong sing males penggawému sing ala
marang aku.
9 Begja wong sing bakal nyekel
bayi-bayimu, banjur dibantingi ing watu,
nganti pecah sirahé.

138

1 Anggitané Dawud. Dhuh
Allah, Paduka badhé kawula
puji, kalayan gumolonging manah.
Wonten ing ngajengipun para allah,
kawula badhé ngidungaken masmur
dhumateng Paduka.
2 Kawula badhé sujud madhep dhateng
Pedaleman Paduka ingkang suci, saha
memuji dhumateng asma Paduka, awit
saking sih lan kasetyan Paduka, lan
ngetingalaken bilih asma Paduka saha
dhawuh Paduka menika luhur ngungkuli
samukawis.
3 Samasa kawula sesambat, Paduka
nyembadani, saha nyantosakaken
manah kawula.

4 Dhuh Allah, sakathahing para raja ing
bumi badhé saos puji sokur dhateng
Paduka, mergi sampun sami mireng bab
janji Paduka.
5 Sarta sami badhé ngidungaken
bab pangrèh Paduka, awit ageng
kaluhuranipun Allah.
6 Senajan Allah iku luhur, éwadéné
menggalihé marang wong asor, lan wong
gemunggung dititèni.
7 Menawi kawula ngalami karibedan,
Paduka ngampingi kawula. Mengsah-
mengsah kawula ingkang sami nepsu
sami Paduka lawan, saha kawula sami
kapitulungan déning pangwaos Paduka.
8 Dhuh Allah, Paduka badhé
ngrampungaken prekawis kawula
sedaya; sih-kasetyan Paduka menika
langgeng selaminipun. Paduka sampun
ngantos nilar pakaryan ingkang sampun
Paduka wiwiti.

139 1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi.
Dhuh Allah, Paduka sampun njajagi sarta
pirsa menggah kawontenan kawula.
2 Kawula linggiha lan ngadega, Paduka
nguningani, senajan saking katebihan
Paduka pirsa saosiking manah kawula.

3 Kawula nyambut-damela utawi ngasoa
Paduka pirsa, samukawis ingkang kawula
tindakaken Paduka tliti.
4 Sebab sadèrèngipun ilat kawula
kumecap, sedaya sampun Paduka
uningani, dhuh Allah!
5 Kawula Paduka apit-apit saking
wingking lan saking ngajeng, sarta
kawula tansah kaungkulan déning asta
Paduka.
6 Kawruh ingkang mekaten menika
inggil sanget tumraping kawula, ngantos
mboten saged kawula nalar.
7 Saupami badhé ngoncati Roh Paduka,
dhateng pundi enggèn kawula badhé
mlajeng, nilar tingal Paduka?
8 Saupami minggah dhateng swarga,
Paduka wonten ing ngriku; utawi medhak
ing kuburanipun tiyang pejah, Paduka
inggih wonten ing ngriku.
9 Kawula mabura dhateng tebing Wétan
pisan, sarta manggèn ing pinggiring
bumi ingkang Kilèn piyambak.
10 Paduka inggih wonten ing ngriku
nuntun kawula, saha asta Paduka
mitulungi kawula.
11 Saupami kawula mungela, awakku
kalimputana ing pepeteng, utawi,

pepadhang kang nglimputi aku dadia
wengi,
12 nanging pepeteng wau inggih mboten
dados peteng tumraping Paduka, dalu
inggih sami padhangipun kados siyang,
pepeteng inggih sami kados pepadhang.
13 Inggih Paduka ingkang nitahaken
saben péranganing badan kawula.
Paduka ingkang mangun kawula wonten
ing guwa-garbanipun biyung kawula.
14 Paduka kawula puji, margi enggèn
kawula katitahaken élok nggumunaken.
Iba élokipun sekathahing pakaryan
Paduka, prekawis menika kawula akeni
saèstu.
15 Paduka pirsa nalika balung-balung
kawula kawangun, nalika kawula
katitahaken wonten ing pasingidan,
sarta tuwuh presasat kasulam wonten
panggènan ingkang samar; Paduka pirsa
kawula wonten ing ngriku.
16 Paduka pirsa kawula, sadèrèngipun
kawula lair, sarta sakathahing dinten-
dinten ingkang pinesthi kanggé kawula
sampun kacathet wonten ing Kitab
Paduka; sadèrèngipun kelampahan
setunggal-tunggala.

17 Dhuh Allah, iba angèlipun nggayuh
penggalih Paduka, iba kathahing
cacahipun.
18 Menawi badhé kawula wical temtu
langkung kathah tinimbang wedhi.
Menawi kawula nglilir, kawula taksih
wonten ing ngarsa Paduka.
19 Dhuh Allah, tiyang duraka mugi
Paduka tumpes, tiyang ingkang remen
ngwutahaken rah mugi kasingkirna
saking kawula.
20 Mekaten ugi tiyang ingkang wicanten
nggorohi Paduka, inggih ingkang
ngawon-awon dhateng asma Paduka.
21 Dhuh Allah, tiyang ingkang sami
sengit dhateng Paduka, menapa mboten
kawula sengiti? Tiyang ingkang mbaléla
dhateng Paduka, inggih mesthi kawula
sengiti sanget.
22 Kawula sengiti saèstu, sarta kawula
anggep mengsah.
23 Dhuh Allah, kawula mugi Paduka titi-
priksa, Paduka pirsani kawontenanipun
ing sanyatanipun, kawula mugi Paduka
uji, saha sapengangen-angen kawula
mugi Paduka uningani.

24 Mugi Paduka priksa, menapa lampah
kawula nylèwèng, nunten Paduka tuntun
ing margi ingkang langgeng.

140 1 Masmur anggitané Dawud
kanggo pemimpin penyanyi.
(140-2) Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
uwalaken saking tiyang awon, sarta
Paduka reksa sampun ngantos dhawah
ing tanganipun tiyang ingkang remen
nganiaya.
2 (140-3) Ingkang sami ngenam-enam
piawon wonten ing manah, lan saben
dinten ngojok-ojoki ngawontenaken
tukar-paben.
3 (140-4) Ilatipun presasat ilaté sawer,
tembungipun presasat wisané sawer
mandi.
4 (140-5) Dhuh Allah, Paduka mugi
ngluwari kawula saking tanganipun
tiyang duraka, saking tiyang ingkang
remen nganiaya, ingkang ngangkah
njégal kawula.
5 (140-6) Tiyang angkuh sami masangi
kala kanggé nyrimpung kawula,
sami masang jeplakan lan jaring
samergi-mergi kanggé njiret kawula.
6 (140-7) Unjukku marang Allah
mengkéné, "Paduka menika Allah

kawula, dhuh Allah, mugi miyarsakaken
dhateng pesambat kawula!"
7 (140-8) Dhuh Allah, Pangéran
pitulungan kawula ingkang sentosa.
Paduka sampun ngreksa dhateng kawula
ing salebeting peprangan.
8 (140-9) Dhuh Allah, mugi sampun
njurungi pikajengipun tiyang duraka,
rancanganipun damel piawon mugi
kagagalna.
9 (140-10) Mengsah-mengsah
kawula mugi sampun Paduka paringi
kemenangan, pangancamipun dhateng
kawula mugi kadhawahna dhateng
piyambakipun piyambak.
10 (140-11) Mugi kaesokna mawa
murub! Sami kacemplungna ing
sumur, ngantos mboten saged mentas
selami-laminipun.
11 (140-12) Tiyang ingkang remen
mitenah mugi sampun ngantos lestantun
manggèn ing negari. Tiyang ingkang
remen nyia-nyia kabujenga déning
piawonipun piyambak ngantos sirna
babar-pisan.
12 (140-13) Dhuh Allah, kawula
sumerep bilih Paduka badhé paring
keadilan dhateng tiyang ingkang

kasiya-siya, sarta mbéla prekawisipun
tiyang papa.
13 (140-14) Saèstu para tiyang mursid
badhé sami memuji dhateng asma
Paduka, sarta tiyang mursid badhé
lestantun manggèn wonten ing ngarsa
Paduka.

141

1 Masmur anggitané Dawud.
Dhuh Allah, kawula nyebut
dhateng Paduka, kawula mugi énggal
Paduka rawuhi. Mugi miyarsakaken
pesambat kawula.
2 Pandonga kawula mugi kaanggepa
kurban dupa wonten ing ngarsa Paduka,
enggèn kawula ngangkat tangan kawula
mugi kaanggepa kurban ing wanci
sonten.
3 Dhuh Allah, mugi kersa njagi dhateng
lambé kawula, korining lambé kawula
mugi Paduka reksa.
4 Manah kawula mugi katebihna
saking pepénginan ingkang awon, sarta
nglampahi pendamel-pendamel duraka,
utawi tumut-tumut damel duraka kados
tiyang ingkang murangsarak. Mugi
sampun ngantos kawula tumut nedha
pasegahanipun ingkang éca-éca.

5 Kajengipun kawula dipun gebag, tuwin
dipun welèhaken déning tiyang mursid,
menika kula anggep katresnan. Nanging
kawula badhé nampik kaurmatan saking
tiyang duraka, margi kawula mboten
kèndel-kèndel ndedonga nglawan
dhateng piawon-piawonipun.
6 Menawi para pengagengipun sami
kabanting saking pèrèng-pèrèngipun
parang, para umat badhé mangertos
bilih tembung kawula menika nyata.
7 Kados séla ingkang dipun pecah lan
dipun remuk ing siti, inggih mekaten
balungipun tiyang menika badhé sami
pating glasah wonten ing sangajenging
luwang kuburan.
8 Nanging kawula tetep pitados dhateng
Paduka, dhuh Pangéran, Allah kawula,
kawula ngungsi dhateng Paduka, mugi
Paduka oncataken saking pejah!
9 Kawula mugi Paduka reksa sampun
ngantos kénging ing kala ingkang dipun
pasang kanggé kawula, inggih jiretipun
tiyang-tiyang awon.
10 Tiyang duraka sami dhawaha ing
kala-jiretipun piyambak, nanging kawula
mlampaha terus kanthi wilujeng.

142 1 Kidung isi piwulang
anggitané Dawud nalika ana
ing guwa; wujud pandonga. (142-2)
Aku ngunjukaké pandonga marang
Allah kanthi swara sora, seru anggonku
nyenyuwun marang Panjenenganė.
2 (142-3) Pesambatku dakesokaké
ana ing ngarsané, sakèhé karibedanku
dakaturaké kabéh.
3 (142-4) Samasa manah kawula
semplah, Paduka ingkang nedahaken
kawula, menapa ingkang kedah kawula
tindakaken. Ing margi ingkang kawula
ambah, mengsah-mengsah kawula sami
masang kala-jiret.
4 (142-5) Sareng kawula nolèh ngiwa
nengen, mboten wonten tiyang ingkang
ngaruhaken kawula. Kawula mboten
gadhah pangungsèn, mboten wonten
tiyang ingkang mrihatosaken kawula.
5 (142-6) Dhuh Allah, dhateng Paduka
kawula sesambat, atur kawula, "Paduka
menika Pangungsèn kawula, inggih
namung Paduka ingkang kawula
betahaken, kanggé gesang kawula ing
donya menika."
6 (142-7) Paduka mugi miyarsakaken
pesambat kawula, margi kawula mboten

gadhah daya kekiyatan malih. Kawula
mugi kauwalaken saking tiyang-tiyang
ingkang nguya-uya dhateng kawula,
awit kekiyatanipun ngungkuli kekiyatan
kawula.
7 (142-8) Kawula mugi Paduka luwari
saking raos semplah kawula, supados
kawula saged memuji asma Paduka.
Para tiyang mursid badhé sami ngepang
kawula kalayan bingah, menawi Paduka
nandukakan kawelasan dhateng kawula.

143

1 Masmur anggitané
Dawud. Dhuh Allah, mugi
miyarsakaken pandonga kawula,
mugi paring wangsulan awit saking
sih-kasetyan saha kaleresan Paduka!
2 Abdi Paduka mugi sampun Paduka
tarik dhateng pengadilan, sebab ing
antawisipun tiyang gesang mboten
wonten setunggal kémawon ingkang
resik wonten ing ngarsa Paduka.
3 Kawula dipun oyak-oyak déning
mengsah kawula, sarta dipun banting
ing siti, kasèlèhaken ing pakunjaran
ingkang peteng, presasat tiyang ingkang
kaukum pejah.
4 Mila pikiran kawula dados bibrah, lan
manah kawula semplah sanget.

5 Kawula ènget dhateng kawontenan
ing jaman rumiyin, ngraos-ngraosaken
sakathahing pendamel Paduka, sarta
ngènget-ènget menapa ingkang Paduka
tindakaken.
6 Kawula lajeng ngegaraken tangan
kawula ndedonga dhateng Paduka;
nyawa kawula ngorong dhateng Paduka,
kados siti ingkang garing.
7 Dhuh Allah, kawula mugi énggal
Paduka paringi wangsulan! Kawula
sampun semplah! Mugi sampun ngaling-
alingi wedana Paduka, menawi mboten,
kawula temtu kados tiyang ingkang
medhak dhateng kubur.
8 Mugi saben énjing kawula Paduka
èngetaken dhateng sih-kasetyan Paduka,
margi kawula pitados dhateng Paduka.
Mugi Paduka nyumerepaken margi
ingkang kawula ambah, awit nyawa
kawula ngangen-angen dhateng Paduka!
9 Dhuh Allah, kawula mugi Paduka rebat
saking tanganipun mengsah-mengsah
kawula, awit kawula ngungsi dhateng
Paduka!
10 Kawula mugi Paduka wulang
nglampahi sakersa Paduka, awit Paduka
menika Allah kawula, Roh Paduka

ingkang asih-setya mugi nuntun
lampah kawula wonten ing margining
katentreman.
11 Dhuh Allah, kawula mugi Paduka
luwari, miturut janji Paduka; kawula
mugi Paduka entasaken saking karibedan
krana keadilan Paduka.
12 Satru-satru kawula mugi Paduka
tumpes krana sih-kasetyan Paduka; saha
sakathahipun tiyang ingkang ngrupeki
kawula mugi Paduka sirnakaken, awit
kawula menika abdi Paduka!

144 1 Anggitané Dawud. Pinujia
Allah, pengayomanku,
aku dilatih perang, siaga ngadhepi
peprangan.
2 Panjenengané iku pengauban lan
bètèng pengayomanku, kang mitulungi
aku, tetamèng lan pengaubanku, kang
nelukaké bangsa-bangsa marang aku.
3 Dhuh Allah, manungsa menika
ajinipun menapa, déné kok Paduka
gatosaken? Sinten ta manungsa menika,
déné kok Paduka èngeti?
4 Manungsa menika rak sami kados
ambekan, umuripun presasat ayang-
ayangan ingkang kemlébat ical.

5 Dhuh Allah, langit mugi kasuwèka lan
Paduka tumunten tumedhaka; redi-redi
kagrayanga, sarta badhé ngedalaken
kukus.
6 Mugi ngutus bledhèg, mengsah-
mengsah mesthi badhé sami buyar. Mugi
nglepasaken jemparing Paduka, temah
sami badhé mlajeng.
7 Paduka mugi ngulungaken asta
Paduka saking nginggil, sarta ngentas
kawula saking toya ingkang lebet.
Kauwalna kawula saking tanganipun
tiyang ngamanca,
8 ingkang selaminipun wicanten dora,
sarta goroh, senajan sampun supaos.
9 Dhuh Allah, kawula badhé memuji
dhateng Paduka kalayan kidung énggal,
badhé memuji kaliyan ngungelaken
slukat.
10 Paduka ingkang paring kaunggulan
dhateng para raja, sarta ngluwari abdi
Paduka Dawud.
11 Kawula mugi Paduka pitulungi,
Paduka uwalaken saking pangwaosipun
tiyang ngamanca, ingkang selaminipun
wicanten dora, sarta goroh, senajan
sampun supaos.

12 Mugi anak-anak kawula jaler wiwit
nèm mila gesanga kados taneman
ingkang kiyat ngrembaka. Anak-anak
kawula èstri sami ngèmperana saka
ukiran, ingkang ngrengga pojok-pojoking
kedhaton.
13 Gudhang-gudhang simpenan kawula
mugi sami kebaka tetedhan rupi-rupi.
Ménda kawula sami bebranahahana dados
éwon lan leksan wonten ing pangènan
kawula.
14 Lembu kawula sami kathaha
anakipun, tanpa wonten ingkang
keluron. Ing margi-margi kawula mugi
sampun ngantos wonten panjeritipun
tiyang ingkang dipun rodha-peksa.
15 Begja bangsa kang kaanané kaya
mengkono mau. Begja bangsa kang
nganggep Pangéran dadi Allahé.

145 1 Kidung anggitané Dawud.
Kawula badhé ngluhuraken
asma Paduka, dhuh Allah kawula, Ratu
kawula. Kawula badhé memuji asma
Paduka ing selaminipun.
2 Saben dinten kawula badhé memuji
Paduka, asma Paduka badhé kawula
luhuraken ing selaminipun.

3 Allah menika Mahaagung, sarta sanget pinuji-puji, kaluhuranipun menika mboten saged dipun jajagi.
4 Saben turunan badhé nyuwuraken pakaryan Paduka, lan badhé nyariyosaken pangwasa Paduka.
5 Kawula badhé ngidungaken kamulyan lan kawibawan Paduka, lan badhé ngraos-ngraosaken pakaryan paduka ingkang élok.
6 Tiyang kathah sami badhé mratélakakaken pakaryaning pangwasa Paduka ingkang nggegirisi, saha kawula badhé nyariyosaken agunging kamulyan Paduka.
7 Tiyang badhé sami nyariyosaken kasaénan Paduka, sarta surak-surak memuji kaleresan Paduka.
8 Allah menika Mahaasih lan Mahawelas, kelangkung sabar lan sih-piwelasipun.
9 Allah menika loma dhateng sedaya tiyang, lan kebak sih-rahmat dhateng sedaya titahipun.
10 Dhuh Allah, sawernining pakaryan Paduka sami ngalembana dhateng Paduka, lan para kekasih Paduka badhé sami memuji dhateng Paduka.

11 Sami badhé nyuwuraken kamulyaning
kraton Paduka, sarta nyariyosaken
pangwasa Paduka,
12 supados anak-turunipun manungsa
sami kasumerepna dhateng pakaryan
Paduka ingkang kebak pangwaos, sarta
kamulyaning kraton Paduka.
13 Kraton Paduka menika tanpa wiwitan
lan tanpa wekasan. Paduka jumeneng
raja ing selami-laminipun. Allah menika
setya dhateng sedaya janjinipun, sarta
sedaya pendamelipun leres.
14 Tiyang ingkang ngalami ngrekaos
dipun pitulungi, ingkang dhawah dipun
tangèkaken.
15 Sakathahing mripat sami tumenga
ngajeng-ajeng dhateng Paduka,
lajeng sami Paduka paringi tedha ing
wancinipun.
16 Sedaya Paduka paringi cekap, sarta
Paduka tuwuki ing sakabetahanipun.
17 Sakèhé pangrèhé Allah iku bener, lan
sakèhé penggawéné kebak sih-kasetyan.
18 Gusti Allah celak karo sakèhé wong
kang nyebut asmané, lan kang nyebut
asmané kalayan tumemen.
19 Wong kang padha ngabekti marang
Panjenengané padha dijurungi apa

kekarepané, pesambaté dipiyarsakaké,
sarta dipitulungi.
20 Allah ngreksa marang sakèhé wong
kang tresna marang Panjenenganè,
nanging sakèhé wong duraka padha
ditumpes.
21 Lambéku bakal nglairaké pujiné Allah,
sarta sakèhé tumitah bakal memuji
asmané kang suci selawas-lawasé.

146

1 Haléluya! Dhuh nyawaku,
saosa puji marang Allah.
2 Aku bakal ngluhuraké Allah sajegku
urip, Allahku bakal dakpuji nganggo
masmur selawasé uripku.
3 Aja ngendelaké marang para
penggedhé, marang manungsa kang ora
kwasa mitulungi.
4 Samasa pecat nyawané banjur pulih
dadi lebu, pinangkané, ing dina iku uga
apa sing dikarepaké, lebur.
5 Begja wong sing duwé Allahé
Yakub dadi juruslameté, wong kang
pengarep-arepé mung marang Pangéran
Allahé.
6 Kang nitahaké langit lan bumi, segara
lan saisiné kabèh, kang selawasé netepi
janjiné.

7 Kang paring adil marang wong kang
dianiaya, ngolèhaké pangan marang
wong kang keluwèn. Allah ngluwari wong
sing ditawan.
8 Panjenenganè ngelèkaké mripaté
wong wuta, nangèkaké wong sing tiba,
lan ngasihi para wong mursid.
9 Allah ngreksa marang wong neneka,
bocah lola lan wong randha padha
disantosakaké, nanging dalané wong
duraka diénggokaké.
10 Allah jumeneng Raja langgeng
selawasé. Allahmu hé Sion, ora éwah
gingsir selawasé turun-temurun!
Haléluya!

147 1 Haléluya! Ngidungaké pujiné
Allah kuwi becik, dhasar
nengsemaké lan wis samesthiné wong
ngidungaké pamuji.
2 Allah mbangun kutha Yérusalèm, lan
nglumpukaké wong Israèl sing sumebar.
3 Wong kang semplah atiné padha
disentosakaké, sing tatu padha diblebed.
4 Panjenenganè nemtokaké cacahé
lintang, padha disebut jenengé
dhéwé-dhéwé.
5 Allah kuwi gedhé kwasané, karosané
linuwih; kawicaksananè tanpa wates.

6 Wong andhap-asor diangkat, nanging
wong duraka diasoraké nganti ambles
ing bumi.
7 Padha ngidungna pujiné Allah nganggo
pamuji sokur, padha ngidungna pujiné
Allah nganggo swaraning slukat!
8 Panjenenganè kang nutupi langit
nganggo mendhung, nyawisaké udan
kanggo bumi, nukulaké suket ana ing
gunung-gunung.
9 Sing maringi pakan marang kéwan,
sarta marang anaké gagak samasa
padha celuk-celuk.
10 Panjenenganè ora rena marang
karosané jaran, uga ora rena karo
kekendelané prejurit.
11 Nanging Panjenenganè rena marang
wong kang ngabekti, sarta sing
ngarep-arep marang sih-kadarmané.
12 Hé Yérusalèm, saosa puji marang
Allahmu! Hé Sion, pujinen Allahmu!
13 Sebab Panjenenganè kang
nyentosakaké gapuramu, sarta
mberkahi anak-anakmu kang ana ing
antaramu.
14 Panjenenganè sing ndadèkaké
daérahmu tentrem, sing maregi kowé
nganggo gandum sing becik dhéwé.

15 Panjenenganè paring dhawuh
marang bumi, lan apa sadhawuhé énggal
kelakon.
16 Panjenenganè nggelar salju kaya
slimut, lan nyawuraké ès kaya awu.
17 Panjenenganè nekakaké udan ès,
sapa sing betah ngrasakaké atisé?
18 Panjenenganè banjur paring dhawuh,
mula ès padha ajèr kabèh. Panjenenganè
nekakaké angin, mulané banyu banjur
mili.
19 Panjenenganè paring pangandika
marang umaté, lan prenatan-prenatané
marang Israèl.
20 Ora ana bangsa liyané sing diganjar
kaya mengkono, mulané bangsa-bangsa
padha ora ngerti prenatané. Haléluya!

148 1 Haléluya! Padha saosa puji
marang Allah ana ing swarga!
Padha saosa puji ana ing ngaluhur!
2 Pujinen Panjenenganè, hé sakèhé
malaékaté, pujinen Panjenenganè, hé
sakèhé bala-tantrané.
3 Pujinen Panjenenganè, hé srengéngé
lan rembulan, pujinen panjenenganè, hé
sakèhé lintang kang gumebyar.
4 Pujinen Panjenenganè, hé sakèhé
lapisaning langit, apa déné banyu kang

ana sandhuwuré awang-awang, padha
saosa puji!
5 Samubarang kabèh padha memujia
marang asmané Allah, sebab
Panjenenganè ngandika, tumuli
kabèh banjur ana.
6 Panjenenganè dhawuh, nuli
samubarang manggon ing papané
dhéwé-dhéwé. Panjenenganè paring
pathokan sing ora kena dilangkahi.
7 Padha saosa puji marang Allah ana
ing bumi, hé sakèhé iwak gedhé lan
telenging samodra.
8 Hé bledhèg lan udan ès, salju lan
mendhung, lan angin lésus kang padha
nglakoni dhawuhé Allah!
9 Hé gunung-gunung lan sakèhé
punthuk, wit-witan lan sakèhé wit èrès,
10 hé sakèhé sato alasan lan sakèhé
kéwan, kang rumangkang lan kang
nganggo swiwi.
11 Hé para raja ing salumahing bumi,
lan sakèhé para bangsa, para penggedhé
lan sakèhé para pangwasa ing jagad,
12 hé para nonoman lan para prawan,
para wong tuwa lan para wong nom.
13 Kabèh padha mujia marang Pangéran,
sebab mung Panjenenganè piyambak

kang luhur, kamulyané nglimputi bumi
lan swarga.
14 Panjenengané kang nyantosakaké
umaté, mulané diluhuraké déning sakèhé
umat kang dikasihi, yakuwi umat Israèl
kang rumaket marang Panjenengané.
Haléluya!

149 1 Haléluya! Padha ngidungna
puji marang Allah nganggo
kidung anyar! Kidungna pujiné ana ing
pasamuwané para wong mursid.
2 Hé Israèl, padha bungaha merga
déning Allah kang nitahaké kowé. Para
umat ing Sion padha surak-suraka,
merga déning Ratumu.
3 Padha memujia asmané karo
jejogèdan, padha ngidungna masmur
konjuk ing asmané nganggo swarané
terbang lan clempung.
4 Awit Allah tresna marang umaté, para
wong kesrakat bakal padha diganjar
keslametan.
5 Wong mursid padha surak-suraka
déning bungah, merga enggoné
diluhuraké, padha bungah-bungaha
sewengi muput!

6 Padha ngluhurna marang Allah
kalawan swara kang sora, karo nyekel
pedhang landhep ing tanganė,
7 kagawė males marang para bangsa,
sarta ngukum marang para umat,
8 kagawė ngrantė para ratunė, lan
mblenggu para penggedhėnė;
9 kanggo ngukum kaya sing wis
kapacak ana ing dhawuh-dhawuhė Allah.
Mengkono kemenanganė para umatė
Allah. Halėluya!

150

1 Halėluya! Padha saosa
puji marang Allah ana ing
Pedalemanė. Pujinen pangwasanė kang
ana ing swarga!
2 Pujinen merga pakaryanė kang ėlok,
pujinen merga kaluhuranė sing pinunjul.
3 Pujinen nganggo ngunèkakė slomprèt,
pujinen nganggo clempung lan slukat.
4 Pujinen nganggo terbang lan
jejogèdan, pujinen nganggo swaraning
clempung lan suling.
5 Pujinen nganggo swaranė kecèr kang
kumrincing, pujinen nganggo kecèr kang
ramė swaranė.
6 Sarupanė kang urip padha saosa puji
marang Allah! Halėluya!

Amsal

1

1 Wulang Bebasan anggitané
Suléman, putrané Dawud, raja ing
Israèl.
2 Ditulis supaya ngolèhna kawicaksanan
lan kawruh, nganti kowé ngerti karo
tembung-tembungé wong wasis.
3 Lan piwulang sing marakaké pinter,
weruh marang prekara sing bener,
keadilan lan jujuring ati.
4 Srana mengkono wong sing ora
pengalaman bisa duwé kapinteran,
para wong nom duwé pangerti lan
kawicaksanan.
5 Wulang Bebasan iki uga bisa nambahi
kawruh marang wong wicaksana lan
pamrayoga marang wong wasis.
6 Mula ngerti maknané prekara kang
kasimpen ing sajroning bebasan lan soal
sing dirembug déning para wasis.
7 Pangabekti marang Allah iku etuking
kawruh. Wong bodho ora ngajèni marang
kawicaksanan lan wegah sinau.

[8] Hé anakku, rungokna piwulangé
bapakmu, lan aja ninggal pituturé
ibumu.
[9] Wewatekanmu bakal saya mundhak
becik, kaya makutha kembang ana ing
sirahmu lan kalung ana ing gulumu.
[10] Hé anakku, yèn kowé dibujuk déning
wong ala aja kèlu.
[11] Saupama dhèwèké muni, "Ayo mèlu
aku matèni wong! Wong sing ora salah.
Maksudé mung kanggo seneng-seneng!
[12] Kita cekel urip-uripan, lan kita patèni.
Samasa wis rampung,
[13] kita bakal olèh raja-brana rupa-rupa,
lan omah kita, kita kebaki barang-barang
rayahan.
[14] Ayo mèlu aku, apa sing kita rampog
kita darbèki bebarengan."
[15] Hé anakku, aja srawung karo wong
sing kaya ngono. Malah wong kuwi
singkirana.
[16] Wong ala mau yèn arep nglakoni
piala ora sranta; rikat menawa arep
ngwutahaké getih.
[17] Wong ala ora bisa njaring manuk, yèn
manuké weruh enggoné masang jaringé,

18 nanging wong sing kaya mengkono
mau masang kala-jiret tumrap awaké
dhéwé, sing bakal gawé tiwasé.
19 Wong sing karem bandha selawasé
mbayar nganggo nyawané, mengkono
sing dialami déning saben wong sing
dhemen ngrodha-peksa.
20 Padha ngrungokna. Kawicaksanan
undang-undang ana ing dalan-dalan,
ana ing pasar-pasar,
21 ana ing gapura lan ing ngendi waé
ana wong padha nglumpuk.
22 "Hé wong gemblung, nganti pira
lawasé enggonmu arep nggemblung
mengkono? Nganti pira lawasé
enggonmu seneng memoyok? Nganti
pira lawasé wong bodho enggoné nampik
marang kawruh?
23 Rungokna ta yèn dakkandhani. Kowé
arep daktuturi lan dakwènèhi kawruh
sing becik.
24 Kowé dakundang, dakkon teka,
nanging ora gelem nolih lan ora gelem
ngrungokaké.
25 Kandhaku ora kokgugu, lan kowé ora
gelem dakélingaké.

26 Mulané yèn kowé nemu kasusahan, bakal dakgeguyu. Menawa katempuh ing bebaya, bakal dakpoyoki.
27 Tekané pagiris mono kaya prahara, nggawa karusakan kaya lésus, mula kowé bakal nandhang perih lan karubedan.
28 Ing kono kowé bakal padha sambat-sambat, nanging bakal ora takwangsuli. Kowé bakal nggolèki aku saparan-paran, nanging bakal ora ketemu aku.
29 Sebab kowé selawasé nampik kawicaksanan, lan emoh mbangun-turut marang Allah.
30 Kowé ora tau nggugu marang pituturku, lan ora nggatèkaké menawa takwelèhaké.
31 Mulané kowé nampa wohing penggawému, lan ngrasakaké piwalesé kelakuanmu.
32 Wong sing ora pengalaman padha mati merga nampik kawicaksanan. Wong gemblung padha nandhang karusakan, merga padha ora nggatèkaké.
33 Nanging sing sapa nurut marang aku, uripé bakal ayem, tanpa duwé rasa kuwatir, merga kalis ing bilai kang nggegirisi."

2 [1] Hé anakku, nanggapana pituturku,
lan éling-élingen piwelingku.
[2] Pitutur sing wicaksana kuwi gatèkna
lan rasak-rasakna.
[3] Nyuwuna sesurupan lan ngudia
supaya olèh pangertèn.
[4] Udinen kaya yèn kowé golèk slaka
utawa raja-brana kapendhem.
[5] Yèn kuwi koktindakaké, kowé ngerti
apa tegesé ngabekti marang Pangéran
lan nemu kawruh bab Gusti Allah.
[6] Pangéran sing paring kawicaksanan;
kawruh lan pangertèn pinangkané saka
Panjenengané.
[7] Panjenengané sing paring pitulungan
lan pengayoman marang wong mursid
lan wong sing jujur.
[8] Panjenengané ngreksa wong sing
tumindak adil, lan njagi wong sing setya
marang Panjenengané.
[9] Menawa kowé ngrungokaké pituturku,
kowé bakal ngerti bab sing bener, sing
adil lan sing becik. Kowé bakal ngerti
apa sing kudu koklakoni.
[10] Kowé bakal dadi wicaksana, lan
kawruhmu kuwi bakal gawé senengé
atimu.

11 Kawicaksanan lan pangertèn bakal
njagani kowé,
12 lan ngélingaké kowé samasa arep
tumindak sing ora bener. Kowé bakal
diedohaké saka wong-wong sing arep
nasaraké,
13 yakuwi wong-wong sing ngungkuraké
dalané kabeneran, milih ngambah
dalaning dosa,
14 iya wong-wong sing seneng gawé
piala lan bungah menawa nindakaké
piala,
15 wong-wong sing saparipolahé ora
kena diprecaya.
16 Kowé bakal bisa nampik pambujuké
wong wadon ala sing nyoba nggodha,
17 wong sing ora setya marang bojoné
dhéwé lan lali marang janjiné ing
ngarsané Allah.
18 Menawa kowé menyang omahé
wong mau, kowé presasat marani pati.
Nyedhaki wong mau padha karo mlebu
ing donyané wong mati.
19 Ora ana wong sing tau mrono bisa
bali menèh, ngambah dalaning urip.
20 Nulada lakuné wong becik, lan nirua
uripé wong mursid.

21 Wong sing uripé becik, lestari olèhé
manggon ing tanah kéné.
22 Nanging wong duraka bakal padha
katumpes, kasirnakaké saka tanah kéné
kaya tanduran sing dibedhol saka lemah.
3 1 Hé anakku, aja lali marang
pituturku. Tansah élinga marang
piwelingku bab apa sing kudu koklakoni.
2 Piwulangku iki dadia mergané kowé
kaparingan umur dawa lan tentrem
rahayu.
3 Katresnan lan kasetyan aja pisan-
pisan koktinggal. Iku kalungna ing
gulumu lan tulisen ing atimu.
4 Menawa koktindakaké kowé bakal olèh
sih ing ngarsané Allah lan ing ngarepé
wong.
5 Kumandela marang Allah kalawan
gumolonging atimu, lan aja ngendelaké
panemumu dhéwé.
6 Ing salaku-lakumu ngakonana marang
Allah, lan Panjenengané bakal nuduhaké
kowé dalan sing bener.
7 Aja rumangsa pinter dhéwé;
mbangun-turuta marang Allah lan
ngedohna piala.
8 Yèn kowé tumindak mengkono,
kowé bakal diayomi, lelaramu

bakal diwarasaké lan perihé atimu
dièngthèngaké.
9 Allah urmatana srana barang-
darbèkmu, lan srana pametumu sing
wiwitan.
10 Srana mengkono, lumbungmu bakal
kebak isiné, lan anggurmu bakal nganti
lubèr-lubèr.
11 Hé anakku, aja nampik pamerdiné
Allah, gatèkna lan gawénen pepéling.
12 Sapa sing dikasihi déning Allah
diperdi, iya kaya bapak enggoné merdi
marang anak sing ditresnani.
13 Begja wong sing wicaksana lan duwé
pangertèn.
14 Kuwi ajiné ngungkuli slaka, lan
regané ngungkuli emas murni.
15 Kawicaksanan kuwi luwih aji
ketimbang karo watu aji, ngungkuli
samubarang sing kokpéngini.
16 Kawicaksanan kuwi ngolèhaké umur
dawa, kasugihan lan kaurmatan.
17 Merga saka kawicaksanan uripmu
bakal seneng lan ayem.
18 Wong sing wicaksana uripé bungah,
sebab kawicaksanan kuwi dalaning urip.

19 Pangéran enggoné nitahaké bumi
srana kawicaksanan; langit dipapanaké
ing panggonané kalawan kawicaksanan.
20 Merga saka kawicaksanané kali-kali
padha mili, lan mendhung nibakaké
udan ana ing bumi.
21 Hé anakku, kawicaksanan lan
kapinteran mono aja nganti sumingkir
saka kowé, kuwi cekelana.
22 Kuwi sing nguripi kowé lan gawé
uripmu seneng lan tentrem.
23 Lakumu bakal slamet, lan sikilmu ora
kesandhung.
24 Menawa mapan turu atimu bakal
ora kuwatir, lan turumu sewengi muput
bakal kalawan kepénak.
25 Kowé bakal ora melang-melang
bab pagiris sing tekané dadakan, kaya
karusakan sing tekané kaya prahara
ngebyuki wong duraka.
26 Pangéran bakal njaga kowé.
Panjenengané bakal ora négakaké
sikilmu kena kala-jiret.
27 Aja nyandhet gawé kabecikan
marang wong sing butuh kabecikanmu.
28 Aja nyemayani enggonmu awèh
pitulung marang tanggamu tekan sésuk,
yèn bisa koktindakaké saiki.

29 Aja ngrancang prekara sing bisa
gawé ruginé pepadhamu, sing srawungé
becik karo kowé lan precaya marang
kowé.
30 Aja madoni prekarané wong sing ora
tau gawé ala marang kowé.
31 Aja mèri karo wong sing seneng
ngrodha-peksa, lan aja kepéngin
tumindak kaya wong mau,
32 sebab Allah sengit marang wong sing
kaya mengkono. Nanging Panjenenganė
celak karo wong mursid.
33 Omahé wong duraka didhawahi
paukuman déning Allah, nanging omahé
wong mursid diberkahi.
34 Allah nglawan wong gemunggung,
nanging wong andhap-asor dikasihi.
35 Wong wicaksana olèh kaluhuran,
nanging wong gemblung ngalami
kwirangan.

4 1 Hé anak-anakku, rungokna
piwulangé bapakmu. Gatèkna,
supaya kowé olèh pangertèn.
2 Piwulangku iki becik, mulané
éling-élingen.
3 Nalika isih bocah, dadi saomah karo
bapakku, lan dadi anak ontang-antingé
ibuku,

4 aku diwulang déning bapakku
mengkéné, "Tembungku iki gatèkna, lan
aja koklirwakaké. Pituturku lakonana,
mula kowé bakal urip.
5 Mersudia olèh kawicaksanan lan
pangertèn; aja ninggal pituturku.
6 Aja nyingkur marang kawicaksanan,
kowé bakal direksa. Kawicaksanan kuwi
tresnanana, kowé bakal digematèni.
7 Mersudia golèk kawicaksanan, kuwi
prekara nomer siji sing kudu koklakoni.
Kowé kena ngupaya apa waé, nanging
nomer siji ngupayaa pangertèn.
8 Kawicaksanan kuwi tresnanana, kowé
bakal diluhuraké. Gondhèlana, supaya
kowé olèh kaurmatan.
9 Sirahmu bakal kapasangan bokèt
éndah, dadia makutha tandhaning
kamulyan."
10 Hé anakku, rungokna, pituturku iki
gatèkna temenan, mula umurmu bakal
didawakaké.
11 Kowé dakwulang bab dalané
kawicaksanan lan ngambah dalaning
kabeneran.
12 Menawa lakumu bener, ora ana
prekara sing bisa ngalang-alangi kowé,

lan senajan kowé mlayu, ora bakal
kesandhung.
13 Tansah élinga bab apa sing wis
kokrungu. Piwulang sing wis koktampa
iki reksanen, sebab kuwi panguripanmu.
14 Aja ngambah dalané wong duraka.
Aja niru lakuné wong ala.
15 Kuwi singkirana. Ngedohana
penggawé ala! Kuwi ungkurna lan
terusna lakumu.
16 Wong duraka ora bisa turu menawa
durung gawé piala. Olèhé turon klisikan,
yèn durung gawé cilakané wong.
17 Penggawé ala lan pangrodha-peksa
kuwi presasat pangan lan ombèn-ombèn
kanggoné wong mau.
18 Dalan sing diambah wong mursid
kuwi presasat pepadhang kang sumunar
ing wayah ésuk, sing mundhak-mundhak
padhangé nganti wayah tengangé.
19 Nanging dalané wong duraka peteng
kaya wengi. Padha kesandhung, nanging
ora weruh apa sing marakaké tiba.
20 Hé anakku, gatèkna tembungku.
Rungokna kandhaku.
21 Aja koksingkur. Éling-élingen lan
catheten ana ing atimu.

22 Sebab kuwi sing nguripi kowé lan
marasaké saben wong sing ngerti lan
nggatèkaké.
23 Sing ngati-ati bab apa sing kokpikir.
Sebab uripmu kuwi ditata déning
pikiranmu.
24 Aja ngucapaké tembung sing ora
nyata. Aja seneng goroh lan ngucapaké
tembung sing nasaraké.
25 Mripatmu ngawasna mengarep kanthi
ati resik. Aja ndhingkluk merga isin.
26 Apa sing arep koktindakaké, gagasen
lan pikiren dhisik sing mateng, dadiné
bakal becik.
27 Nyingkirana piala; lakumu sing
lempeng, aja ménggok ngiwa utawa
nengen, senajan mung sejangkah waé.

5 1 Hé anakku, rungokna lan gatèkna
kawicaksanan lan pangertèn saka
aku.
2 Kowé bakal ngerti carané tumindak
sing bener, lan saka tembungmu bakal
ketitik yèn kowé wong sing duwé
kawruh.
3 Bojoné wong liya lambéné bisa uga
manisé kaya madu lan yèn nucup alusé
kaya lenga wangi,

[4] nanging yèn wis rampung ninggal rasa
pait lan perih.
[5] Wong kuwi njorogaké kowé menyang
pati, awit dalané wong mau pancèn
anjog ing pati.
[6] Wong kuwi ora ngambah dalaning
urip, lakuné nasar lan ora ngrumangsani
pialané.
[7] Hé anakku, rungokna! Aja lali karo
pituturku.
[8] Wong wadon mengkono kuwi edohana.
Aja pisan-pisan kokcedhaki!
[9] Yèn ora, kowé bakal kélangan
kaurmatanmu; kowé bakal mati enom
déning tangané wong kang ambek siya.
[10] Wong liya bakal ngrayah bandhamu,
lan pituwasing[a] kangèlanmu bakal dipèk
wong mau.
[11] Kowé bakal sambat-sambat ana ing
peturon ngentèni ajalmu, merga daging
lan ototmu wis rusak kabèh.
[12] Kowé bakal getun lan ngucap,
"Yagéné aku koknampik marang
pamerdi? Yagéné aku biyèn kokora
gelem diélingaké?
[13] Kokora gelem ngrungokaké piwulangé
guruku? Pituturé kokora dakgatèkaké?

---

[a]pituwas: hasil.

14 Lan saiki ngerti-ngerti aku wis ora
kajèn ing tengahé masarakat."
15 Setyaa marang bojomu dhéwé lan
katresnanmu sokna kabèh marang wong
mau.
16 Anak-anak olèhmu saka wong wadon
liya ora nggawa berkah tumraping kowé.
17 Anak-anakmu dhéwé sing samasa
wis gedhé bakal mitulungi kowé, dudu
wong liya.
18 Mulané bebungaha karo bojomu
sepisanan,
19 prawan pilihanmu sing nengsemaké
kaya kidang, karebèn katresnané
lan kepéncuté marang kowé gawé
bungahing atimu.
20 Apa gunané kowé nresnani wong
wadon liya, hé anakku? Yagéné kowé
luwih kepéncut karo bojoné liyan?
21 Gusti Allah pirsa samubarang
kang koklakoni. Panjenengané mirsani
saparan-paranmu.
22 Dosa-dosané wong duraka kuwi
kala-jiret. Wong mau kejiret déning
dosané dhéwé.
23 Matiné merga ora bisa ngendhalèni
awaké dhéwé. Penggawéné sing ngawur
njalari patiné.

6 1 Hé anakku! Apa kowé janji
nanggung utangé wong liya?
2 Apa kowé kecancang karo tembungmu
dhéwé, kejiret déning janjimu dhéwé?
3 Yèn mengkono, hé anakku, kowé
dicengkerem déning wong mau. Carané
luwar saka wong mau mengkéné: énggal
paranana, njaluka diluwari saka janjimu.
4 Aja mikir ngaso utawa turu dhisik.
5 Luwarana awakmu kaya manuk
utawa kidang lepas saka wong sing
mbebedhag.
6 Wong kesèd mono becik yèn uripé niru
semut.
7 Semut kuwi ora duwé pemimpin,
penggedhé utawa pangrèh.
8 Nanging ing mangsa panas padha
nandho pangan kanggo mangsa
bedhidhing.
9 Nganti pira lawasé wong kesèd
lèyèh-lèyèh ing peturon? Kapan olèhé
arep tangi?
10 "Olèhku turu lagi sedhéla," kandhané,
"Aku taksedhakep sedhéla engkas."
11 Nanging sajroné turu ketekan
kemiskinan kaya rampog nggawa
gegaman.

12 Wong sing lakuné ala kuwi mrana-
mréné nyebar tembung goroh.
13 Mripaté kedhap-kedhèp lan awèh
sasmita kanggo njorogaké kowé,
14 karo ngrancang piala sing arep
ditindakaké. Maksudé gawé rerusuh
saenggon-enggon.
15 Merga penggawéné mau, wong kuwi
bakal ketekan bilai dadakan, dadi lan
remuké tanpa kena dipulihaké menèh.
16 Ana pitung prekara sing disengiti
déning Allah lan ora dadi renaning
penggalihé, yakuwi: Watak sing angkuh,
ilat cidra, tangan sing ngwutahaké
getihé wong sing ora salah, ati sing
ngenam-enam penggawé ala, sikil sing
agé-agé marani piala, paseksi goroh
marambah-rambah, wong sing dhemen
ngedu wong sasedulur utawa mitra karo
mitra.
17 (6:16)
18 (6:16)
19 (6:16)
20 Hé anakku, dhawuhé bapakmu iki
èstokna, lan aja nglirwakaké pituturé
ibumu.
21 Tembungé tansah catheten ing atimu.

22 Pitutur mau karebèn nuntun lakumu
sajroné kowé lelungan, njaga kowé ing
wayah bengi, lan naséhati kowé ing
wayah awan.
23 Pituturé mau minangka pepadhang.
Piwelèhé minangka piwulang.
24 Bisa ngedohaké kowé saka wong
wadon ala, lan saka pambujuké bojoné
liyan.
25 Aja kena digodha déning ayuné rupa;
utawa kejiret déning kedhèping mripaté.
26 Sundel cukup dibayar saregané roti
siji, nanging bojoné liyan njaluk bayaran
apa saduwèké sing diajak laku ngiwa
mau.
27 Wong sing nggémbol geni apa ora
mesthi kobong sandhangané?
28 Wong sing ngidak mawa apa sikilé
ora mlenthung?
29 Ora béda karo wong sing turu
karo bojoné liyan. Sapa sing nglakoni
mengkono bakal sangsara uripé.
30 Maling kuwi ora diisin-isin yèn
enggoné nyolong mung kanggo ngisèni
wetengé merga keluwèn.
31 Éwadéné bareng kecekel, apa sing
dicolong mesthi kudu dilironi tikel pitu,
apa saisiné omahé ditombokaké kabèh.

32 Sing sapa mbédhang wong wadon
kuwi tanpa budi, ngrusak nyawané
dhéwé.
33 Sing sapa nglakoni mengkono, olèh-
olèhané siksa lan wirang; kanisthané
bakal ora diilangi.
34 Ora ana prekara sing gawé panasing
atiné wong lanang kejaba cemburu.
Pemalesé ora kena dialang-alangi.
35 Ora bakal gelem dilironi dhuwit;
dhuwit pira waé ora bakal cukup kanggo
ngendhakaké nepsuné.
7 1 Hé anakku, pituturku lakonana. Aja
pisan-pisan lali nindakaké welingku.
2 Tembungku gugunen, temah kowé
bakal urip. Dingati-ati lan nastiti
enggonmu nglakoni pituturku, kaya
enggonmu njaga maniking mripatmu.
3 Pituturku tansah gatèkna; catheten
ing atimu.
4 Kawicaksanan kuwi anggepen
sedulurmu wadon, lan pangertèn
anggepen mitramu kenthel.
5 Mula kowé bakal diedohaké saka
bojoné liyan, saka wong wadon sing
dhemen golèk ati.
6 Nalika aku pinuju ngungak metu liwat
jendhélané omahku,

7 aku weruh nonoman akèh lan ing
antarané ana sing tanpa budi.
8 Nonoman mau liwat ing sacedhaké
omahé sundel sing ana ing pojoking
dalan.
9 Wayahé repet-repet ngarepaké bengi.
10 Wongé wadon banjur marani
nonoman mau; enggoné menganggo
kaya sundel.
11 Lumrahé wong mau kanthi kendel
lan tanpa isin ngadeg ana ing pinggiring
dalan
12 utawa ana ing pojoking prapatan,
terkadhang uga ana ing pasar.
13 Jaka mau banjur dirangkul,
dipandeng lan diambungi, pangucapé,
14 "Mau aku saos kurban lan olèh
dagingé kurban.
15 Aku banjur metu arep nggolèki kowé,
jebul kowé ana ing kéné!
16 Peturonku wis dakslèmèki kain léna
kembangan saka Mesir.
17 Wis takkepyuri mur lan garu[b] karo
manis jangan.
18 Ayo padha bareng turu sewengi
muput.

---

[b]garu: gaharu: bangsanipun cendhana.

19 Bojoku ora ana ing omah, merga lagi
lelungan adoh.
20 Nggawa dhuwit akèh lan rong minggu
engkas lagi bali."
21 Kaya mengkono nonoman mau
dibujuk nganggo tembung sing
ngresepaké atiné, mula kèlu karo
gunemé wong wadon mau.
22 Ora sranta nonoman mau ngetutaké
lakuné sundel, kaya sapi sing dituntun
menyang pejagalan, lan kaya wong ala
sing dibanda arep diukum
23 nganti jantungé suwèk kena ing
panah. Nonoman mau kaya manuk sing
marani jaring, ora ngerti uripé kaancam
déning bebaya.
24 Mulané anak-anakku nggèr, rungokna
pituturku. Kandhaku iki gatèkna.
25 Wong wadon sing mengkono kuwi aja
kokwènèhi ati. Aja koktutaké lakuné.
26 Sebab akèh wong lanang sing ambruk
lan tiwas merga dhèwèké; cacahé wong
sing tiwas mau ora kena diétung.
27 Omahé sundel kuwi dalan sing
anjog ing pati, dalan sing medhun
ing senthong-senthonging teleng
palimengan.

8 1 Padha ngrungokna! Sang Wicaksana
nguwuh-uwuh. Kapinteran ngulukaké
swarané.
2 Panjenengané jumeneng ana ing
tengger-tengger ing pinggiring dalan,
lan ana ing prapatan-prapatan.
3 Ana ing ngarepé gapura ing butulané
kutha, Panjenengané jumeneng lan
nguwuh-uwuh.
4 Ngendikané, "Hé para wong lanang,
kowé sing takngendikani, hé sakèhé
manungsa kang ana ing bumi.
5 Hé wong kang padha ora duwé
kawruh, golèka kapinteran, hé wong
gemblung, padha duwéa nalar.
6 Padha ngrungokna, sing
takkandhakaké iki prekara luhur.
Kabèh sing takkandhakaké iki bener.
7 Tembungku iki nyata, aku sengit karo
tembung cidra.
8 Apa sing takkandhakaké kuwi bener,
aku ora ngapusi utawa nasaraké.
9 Tumraping wong sing duwé pangertèn,
kabèh kuwi cetha; kabèh mau gamblang
kanggoné wong sing duwé kapinteran.
10 Piwulangku iki ajiné ngungkuli slaka,
kawruh saka aku iki ajiné ngungkuli
emas murni.

[11] Aku iki Sang Wicaksana, aku luwih aji
tinimbang watu aji, apa sing dipéngini
déning manungsa kalah kabèh.
[12] Aku iki Sang Wicaksana. Aku
kagungan pangertèn, kawruh lan
kawasisan.
[13] Pangabekti marang Allah iku sengit
marang piala, aku sengit marang
piangkuh lan ambek kumlungkung,
apa menèh penggawé ala lan tembung
goroh.
[14] Aku sing ngrancang lan sing
nindakaké, aku duwé kawasisan lan
pangwasa.
[15] Para raja enggoné ngerèh negarané
merga saka aku, mengkono uga para
penggedhé enggoné nindakaké keadilan.
[16] Para pangwasa enggoné mréntah
merga saka aku, mengkono uga para
wong luhur lan sakèhé hakim sajagad.
[17] Aku ngasihi wong sing tresna marang
aku, lan sing sapa tlatèn nggolèki aku,
iya bakal ketemu.
[18] Kasugihan lan kaluhuran, aku sing
ngedum, semono uga kemakmuran lan
kabegjan.
[19] Peparing saka aku ajiné ngungkuli
emas, ngungkuli slaka sing murni.

20 Dalan sing takambah kuwi kabeneran,
iya dalané keadilan.
21 Aku paring kasugihan marang
wong sing tresna marang aku, omahé
takkebaki raja-brana.
22 Aku sing dianakaké déning Allah
dhisik dhéwé, pakaryané sing kawitan
dhèk jaman kuna.
23 Aku sing kawitan dhéwé, sing
kapisan, sadurungé jagad ana.
24 Aku lair sadurungé ana samodra-
samodra, sadurungé ana tuk-tuk
metokaké banyu.
25 Aku lair sadurungé ana gunung-
gunung, sadurungé tengger-tengger
jumedhul,
26 sadurungé Allah nitahaké dharatan
lan ara-ara, malah sadurungé ana lemah
sagegem.
27 Aku wis ana nalika Allah njèrèng
langit, nalika cakrawala dipenthèng ing
sandhuwuring samodra,
28 iya nalika awang-awang diprenahaké
ana ing dhuwur, lan sumber-sumberé
segara-segara dibukak,
29 sarta banyu-banyuné segara
diprenata, supaya ora mbludag ngliwati

wates sing ditetepaké. Nalika dhasaré
bumi dipasang Aku wis ana.
30 Aku njèjèri Panjenengané kaya
arsitèk, lan Aku sedina-dina gawé
renaning penggalihé. Aku tansah bungah
ana ing ngarsané.
31 Aku seneng karo jagad, lan asih karo
anaké manungsa.
32 Mulané hé para nonoman,
rungokna pituturku, èstokna apa
sing takkandhakaké, kowé bakal slamet.
33 Rungokna piwulangku, sing
wicaksana lan aja koktampik.
34 Wong sing ngrungokaké tembungku
bakal begja, yakuwi sing sedina-dina
nganti-anti ana ing gapuraku, ngentèni
ana ing pipiné lawangku.
35 Sapa sing nemu aku kuwi nemu urip,
sarta olèh sihé Allah.
36 Sapa sing ora nduwèni aku kuwi
nyangsara uripé dhéwé; sarupaning
wong sing sengit karo aku, kuwi nresnani
pati."

9 1 Sang Wicaksana wis yasa dalané,
sakané pitu wis didegaké.
2 Panjenengané wis nyembelèh kéwan
kanggo pésta, wis nyampur anggur lan
nata dhaharan ana ing méja.

3 Panjenengané wis utusan para abdiné
wadon kadhawuhan undang-undang ing
panggonan-panggonan sing dhuwur ing
kutha, mengkéné,
4 "Hé wong kang tanpa budi, padha
mrénéa!" Lan wong gemblung
dikandhani,
5 "Mrénéa, mangana pawèwèhku, lan
ngombéa anggur sing wis takjantoni.
6 Nyingkirana pesrawungan karo wong
gemblung, supaya kowé urip. Mlakua
dalaning kapinteran."
7 Sing sapa ngélikaké wong sing ambek
memoyok, malah bakal kwirangan
dhéwé. Sing sapa melèhaké, malah
bakal dicacad dhéwé.
8 Mulané aja ngélikaké wong sing
ambek memoyok. Kowé malah bakal
disengiti. Nanging sing sapa melèhaké
wong wicaksana, bakal diurmati.
9 Wong wicaksana yèn kokwulang,
bakal tambah kawicaksanané. Wong
mursid yèn kokkandhani, bakal mundhak
kawruhé.
10 Sing sapa seneng dadi wong
wicaksana kudu ngabekti dhisik marang
Allah. Menawa kowé tepung karo Gusti
Allah, kowé duwé pangertèn.

11 Merga saka kawicaksanan, umurmu
didawakaké, lan taun-tauné umurmu
ditambahi.
12 Yèn kowé wicaksana, kowé dhéwé
sing bathi. Yèn kowé nulak kawicaksanan
kowé dhéwé sing sangsara.
13 Wong gemblung kuwi kaya wong
wadon sing bengok-bengok ora duwé
isin,
14 sing lungguh ana ing lawangé omahé
utawa ing papan sing dhuwur ing kutha,
15 nyeluki wong-wong sing liwat, sing
lagi ngurusi prekarané dhéwé-dhéwé,
tembungé,
16 "Hé para wong sing tanpa budi,
padha mrénéa!" Wong gemblung nuli
dikandhani,
17 "Banyu colongan kuwi legi, lan roti
sing dipangan ing pandhelikan kuwi
rasané luwih énak!"
18 Wong sing tanpa budi sing dadi
kurbané ora ngerti yèn sing sapa mlebu
ing omah kono bakal mati, lan sing sapa
wis kadhung mlebu saiki wis ana ing
teleng palimenganing pati.

10

1 Wulang Bebasan anggitané
Suléman. Anak kang wicaksana

kuwi ndadèkaké bungahé bapakné, anak
kang gemblung gawé prihatiné ibuné.
2 Kasugihan asiling duraka ora maédahi,
nanging katemenan ngentas saka pati.
3 Gusti Allah ora négakaké wong mursid
mati kaliren, nanging sing dipéngini
wong ala ora diparingaké.
4 Sing sapa nyambut-gawé ora cékat-
cèket dadi mlarat, nanging tangané
wong sregep ndadèkaké sugih.
5 Sing sapa tetandho ing mangsa panas
kuwi wong pinter; nanging sing sapa
pijer turu waé ing mangsa panèn bakal
kwirangan.
6 Wong becik bakal diberkahi, tembungé
wong duraka kuwi isi panganiaya.
7 Wong becik tansah diéling-éling
enggoné dadi lantarané berkah;
nanging jenengé wong duraka bakal ora
disebut-sebut.
8 Wong wicaksana yèn dipituturi nurut;
nanging tembungé wong gemblung
njalari rubuhé.
9 Wong sing jujur uripé ayem, nanging
wong sing nylèwèng bakal konangan.
10 Wong sing ora blaka kuwi gawé susah,
nanging wong sing ngandhakaké sing
sabeneré kuwi nekakaké katentreman.

11 Tembungé wong jujur kuwi presasat
pancuraning urip, nanging tembungé
wong ala isi panganiaya.
12 Sengit marakaké grejegan,
katentreman nasabi sarupané kaluputan.
13 Tembungé wong wicaksana kuwi
maédahi, nanging wong gemblung kudu
digebugi.
14 Wong wicaksana kuwi duwé
simpenan kawruh, nanging tembungé
wong gemblung nekakaké karusakan.
15 Wong sugih diayomi déning
bandhané; wong mlarat bobrok merga
saka kemlaratané.
16 Opahé wong sing nindakaké
kabecikan kuwi urip; nanging olèh-
olèhané dosa kuwi mung nambahi
dosa.
17 Wong sing nanggapi piwelèh kuwi
bakal urip, nanging wong sing ora gelem
ngakoni kaluputané kaancam déning
bebaya.
18 Wong sing ngendhem sengit kuwi
wong cidra; wong sing ngucapaké
pangala-ala kuwi wong gemblung.
19 Saya akèh tembung sing
kokwetokaké, saya gedhé bebayané

enggonmu gawé kaluputan. Yèn kowé
wicaksana, pekaken lambému.
20 Tembungé wong mursid kuwi
presasat slaka murni, nanging gagasané
wong gemblung ora ana ajiné.
21 Tembungé wong mursid kuwi
nekakaké berkah kanggo wong akèh,
nanging tembungé wong gemblung
matèni awaké dhéwé.
22 Berkahé Allah kuwi sing marakaké
kowé sugih, kangèlanmu ora nambahi
apa-apa.
23 Sing dadi kabungahané wong
gemblung kuwi yèn bisa nglakoni
penggawé nistha, kaya déné wong
wicaksana bungah menawa bisa nglakoni
penggawé sing luhur.
24 Wong duraka ketaman apa sing
disumelangaké, wong mursid kaparingan
apa sing diarep-arep.
25 Menawa ketekan lésus wong duraka
sirna, nanging wong jujur tansah
dislametaké.
26 Aja kongkon wong kesèd nglakoni
pegawéanmu, sebab wong mau mung
bakal gawé jèngkèlé atimu. Kaya
cokak tumraping untumu utawa kukus
tumraping mripatmu.

27 Pangabekti marang Allah iku
ngakèhaké umur, nanging umuré wong
duraka dicendhakaké.
28 Pengarep-arepé wong mursid
nekakaké kabungahan, nanging
pengarep-arepé wong duraka ora
ngetokaké apa-apa.
29 Wong jujur kuwi diayomi déning
Allah, nanging wong sing penggawéné
ala ditumpes déning Allah.
30 Wong mursid kuwi uripé tentrem,
nanging wong duraka ora lestari uripé
ana ing bumi.
31 Wong mursid tembungé wicaksana,
nanging ilat sing ngucapaké piala bakal
dibungkem.
32 Wong mursid ngerti apa sing kudu
diucapaké, nanging wong gemblung
tansah ngucapaké tembung sing
nglarakaké ati.

11 1 Gusti Allah sengit karo
timbangan sing goroh.
Panjenengané rena karo timbangan sing
bener.
2 Wong angkuh bakal nandhang
kwirangan. Kawicaksanan mono lakuné
andhap-asor.

3 Wong mursid katuntun déning
katemenané, nanging wong cidra tiba
merga déning kelakuané dhéwé.
4 Samasa ngadhepaké pati kasugihan
ora maédahi, nanging katemenan bisa
ngentas uripmu saka pati.
5 Kejujuran nggancaraké urip, nanging
wong duraka bakal tiba merga saka
durakané dhéwé.
6 Wong mursid kapitulungan déning
kejujurané, nanging wong cidra kejiret
déning kadursilané dhéwé.
7 Wong duraka samasa mati, pengarep-
arepé mèlu mati. Ngendelaké kasugihan
ora ana paédahé.
8 Wong mursid kaedohaké saka
karubedan; wong duraka sing nggentèni
nandhang karubedané.
9 Tembungé wong duraka ngrusak uripé
pepadhané, nanging kawicaksanané
wong mursid ngentas uripé pepadhané.
10 Kabegjané wong mursid nekakaké
kabungahan marang wong sanegara;
samasa wong duraka tumpes, kabèh
wong padha giyak-giyak.
11 Sawabé wong temen ndadèkaké
kaluhurané negara; nanging tembungé
wong duraka gawé rusaké.

12 Sing sapa ngrasani ala pepadhané
kuwi wong tanpa budi; wong sing
wicaksana kuwi meneng waé.
13 Wewadi aja kokkandhakaké marang
wong sing dhemen ngrasani ala
pepadhané, nanging kandhakna marang
wong sing kena diprecaya.
14 Negara bakal ambruk yèn ora ana
sing nuntun; penaséhat akèh marakaké
kasantosané.
15 Sing sapa nanggung wong sing
dudu kenalané bakal getun; luwih becik
menawa kowé ora mèlu-mèlu ngurusi
wong mau.
16 Somah sing merak ati kuwi marakaké
kajèn, nanging wong wadon sing ala
wataké gawé wirang. Wong kesèd
selawasé ora nyekel dhuwit, nanging
wong sregep dadi sugih.
17 Wong ambek welasan kuwi gawé
becik marang awaké dhéwé; nanging
wong tegelan gawé susahé awaké
dhéwé.
18 Wong duraka ora olèh apa-apa,
nanging wong sing nyebar kabeneran
mesthi olèh ganjaran.

19 Kamursidan nuntun marang urip, nanging wong sing mburu piala nggolèki pati.
20 Gusti Allah sengit karo wong sing ngrancang piala, nanging asih marang wong sing nglakoni kabeneran.
21 Kena dipesthèkaké yèn wong ala bakal kaukum, lan wong becik bakal luwar saka paukuman.
22 Wong wadon ayu sing sepi ing kasusilan kuwi presasat gelang emas ing cunguré babi.
23 Angen-angené wong mursid ngetokaké kabecikan, nanging pengarep-arepé wong duraka nekakaké paukumané Gusti Allah.
24 Ana wong sing nanjakaké bandhané tanpa dipikir, éwasemono mundhak sugih, ana sing ngirit banget, éwasemono uripé tansah kecingkrangan.
25 Wong sing loma kaganjar kalubèran; wong sing dhemen tetulung bakal olèh pitulungan.
26 Wong sing nyimpen gandumé supaya olèh rega luwih dhuwur, diipat-ipati wong akèh, nanging wong sing ngedol gandumé dialem.

[27] Sing sapa gawé becik, bakal kajèn
ing wong; nanging sing nyebar piala
bakal ketaman bilai.
[28] Sing sapa ngendelaké kasugihané
bakal rontog kaya godhong ing mangsa
bedhidhing, nanging wong mursid bakal
ngrembuyung kaya wit ing mangsa
rendheng.
[29] Sing sapa ora ngopèni brayaté,
wekasané bakal ora olèh apa-apa. Wong
bodho kuwi dadi baturé wong pinter.
[30] Wohing kamursidan kuwi urip; lan
wong wicaksana nggèndèng wong liya
marang kabecikan.
[31] Yèn wong mursid nampa ganjarané
ana ing bumi, méndahané menèh wong
duraka lan wong dosa mesthi bakal
nampa paukumané ana ing bumi uga.
12 [1] Sing sapa seneng marang
kawicaksanan, kuwi seneng
diélikaké samasa gawé kaluputan,
nanging wong sing tanpa budi ora
seneng karo pamelèh.
[2] Gusti Allah rena karo wong becik,
nanging wong sing ngrancang piala
diukum.
[3] Wong ora bisa dadi sentosa srana
nindakaké penggawé ala, nanging wong

sing lakuné bener ngadeg kalawan
sentosa.
4 Wong wadon sing becik dadi
kabungahan lan makuthané bojoné,
nanging wong wadon sing gawé isin,
presasat kangker ing balungé sing
lanang.
5 Apa kang dirancang déning wong
mursid kuwi kejujuran, nanging
rancanganè wong duraka nasaraké.
6 Tembungé wong duraka nuntun ing
pati, nanging tembungé wong temen
mitulungi.
7 Wong duraka bakal ambruk lan cures
turuné, nanging brayaté wong mursid
bakal lestari.
8 Wong dialembana merga kabecikané,
nanging wong sing ora temen ora kajèn.
9 Luwih becik dadi wong cilik, sing
nyambut-gawé kanggo awaké dhéwé,
ketimbang dadi wong gedhé sing
nandhang kecingkrangan.
10 Wong mursid ngopèni kéwané,
nanging wong duraka ambek siya karo
kéwané.
11 Wong sing nggarap lemahé bakal ora
kekurangan pangan, nanging wong sing

kepéngin barang sing tanpa guna kuwi
tanpa budi.
12 Wong duraka senengé nglakoni
piala, nanging wong mursid kekarepané
kenceng.
13 Wong duraka kuwi kejiret déning
tembungé dhéwé, nanging wong jujur
ngentas awaké dhéwé saka karubedan.
14 Wong nampa ganjaran merga saka
tembungé lan tandang-tanduké dhéwé;
apa sing ditampa yakuwi sing pantes
dadi bagéané.
15 Wong gemblung nganggep awaké
dhéwé bener, nanging wong wicaksana
ngrungokaké rembugé liyan.
16 Wong gemblung yèn jèngkèl énggal
dikétokaké, nanging wong wicaksana
nutupi rasaning atiné.
17 Wong sing kandha sabeneré kuwi
nindakaké keadilan, nanging wong goroh
tumindak ora adil.
18 Tembung sing ora dipikir bisa natoni
ati sing larané ngungkuli dituwek ing
pedhang, nanging tembungé wong
wicaksana gawé lilihing ati.
19 Tembung cidra kuwi ora suwé uripé,
nanging katemenan langgeng selawasé.

20 Wong sing ngrancang piala kuwi
atiné kebak cidra, nanging wong sing
awèh pamrayoga becik bakal nemu
kabungahan.
21 Wong mursid ora ketaman bilai,
nanging wong duraka selawasé kebyukan
cilaka.
22 Wong goroh disengiti déning Allah,
nanging wong sing netepi janjiné
dikasihi.
23 Wong wicaksana nutupi kawruhé,
nanging wong gemblung ngumbar
kabodhoané.
24 Wong sing nyambut-gawé sregep
bakal olèh pangwasa, nanging wong
kesèd bakal dadi batur-tukon.
25 Sumelang ngilangaké kabungahan,
nanging pitutur gawé padhangé ati.
26 Wong mursid kuwi dadi penuntun
tumrap mitrané, nanging wong duraka
nasaraké kancané.
27 Wong kesèd bakal ora nyekel barang
sing dioyak, nanging wong sregep bakal
nampa barang sing akèh ajiné.
28 Dalaning urip kuwi metu kamursidan,
piala njalari anjog ing pati.

13 1 Anak sing wicaksana nggatèkaké
pituturé bapakné, nanging wong
angkuh ora ngrèwès marang pamelèh.
2 Wong becik nampa berkah merga
tembung sing diucapaké, nanging wong
ala seneng marang panganiaya.
3 Wong sing njaga marang tembungé
kuwi ngreksa nyawané, nanging wong
sing muni sauni-uniné nemu karusakan.
4 Wong kesèd kuwi akèh pepénginané,
nanging ora olèh apa-apa, mangka
wong sing sregep, panyambut-gawéné
nekakaké kalubèran.
5 Wong jujur sengit karo tembung
goroh, nanging wong ala nekakaké
kanisthan lan kwirangan marang awaké
dhéwé.
6 Wong sing temen lakuné direksa
déning kamursidané, nanging piala
ngrubuhaké wong duraka.
7 Ana wong sugih-sugih, nanging
sejatiné ora duwé apa-apa, semono
uga ana wong sing éthok-éthok miskin,
nanging duwé bandha akèh.
8 Wong sugih migunakaké kasugihané
kanggo nylametaké uripé, nanging wong
miskin ora wedi marang pangancam.

9 Wong mursid kaya pepadhang sing
sumunar, nanging wong ala kaya senthir
sing mbleret nuli mati.
10 Piangkuh marakaké grejegan,
nanging wong sing ngrungokaké
pamrayoganè liyan kadunungan
kawicaksanan.
11 Bandha kuwi yèn enggoné olèh
gampang, ilangé iya gampang, nanging
sing sapa nglumpukaké saka sethithik,
wuwuhé saya akèh.
12 Pengarep-arep sing ora keturutan
kuwi gawé gelaning ati, nanging
pengarep-arep sing keturutan gawé
bungahing ati.
13 Sing sapa nampik pangandikané
Allah bakal kawales, nanging sing sapa
nggatèkaké dhawuh mau bakal olèh
ganjaran.
14 Piwulangé wong wicaksana kuwi
sumberé urip, ndadèkaké wong nyingkiri
kalané pati.
15 Budi kang luhur kuwi marakaké wong
dadi kajèn, nanging wong sing ora kena
diprecaya marakaké cilaka.
16 Wong wicaksana mikir dhisik
sadurungé tumindak, nanging wong
gemblung ngetokaké kabodhoané.

17 Utusan sing ora jujur gawé cilaka,
nanging sing kena diprecaya nekakaké
katentreman.
18 Kemlaratan lan kanisthan kuwi
pandumané wong sing nampik pamerdi,
nanging wong sing gelem nampani
pamelèh, kajèn.
19 Pengarep-arep sing keturutan kuwi
mbungahaké ati, nanging wong bodho
ora gelem ninggal piala.
20 Sing sapa sesrawungan karo wong
wicaksana, iya dadi wicaksana, déné
sing awor karo wong gemblung bakal
nemu karusakan.
21 Wong duraka diburu bilai, nanging
wong becik nampa ganjaran.
22 Wong becik ninggali warisan tekan
anak-putuné, nanging barang-darbèké
wong duraka digadhangaké marang
wong mursid.
23 Lemah bera satemené bisa metokaké
pangan akèh kanggo wong mlarat,
nanging wong duraka ora lila lemah mau
digarap.
24 Sing sapa ora merdi anaké, ora
tresna marang anaké. Sing sapa tresna
marang anaké, diperdi wiwit cilik mula.

25 Wong mursid bisa mangan sawaregé,
nanging wong duraka selawasé bakal
nandhang kecingkrangan.

14 1 Kawicaksananané wong wadon
kuwi nekakaké berkah marang
brayaté, nanging wong gemblung
ngrusak brayaté dhéwé.
2 Sing sapa temen lakuné kuwi
nélakaké pambangun-turuté marang
Allah, nanging sing sapa nylèwèng,
ngrèmèhaké Gusti Allah.
3 Wong gemblung seneng umuk,
nanging wong wicaksana direksa déning
tembungé.
4 Tanpa sapi lumbungmu bakal kothong,
nanging sing sapa migunakaké sapi,
lumbungé bakal kebak.
5 Seksi sing temen kuwi ora goroh,
nanging sing ora temen tembung-
tembungé goroh kabèh.
6 Wong angkuh ora bakal dadi
wicaksana, nanging wong pinter énggal
tambah kawruhé.
7 Aja srawung karo wong gemblung,
awit kowé ora bakal olèh kawruh
apa-apa.
8 Yagéné wong pinter kuwi wicaksana?
Merga ngerti apa sing kudu dilakoni.

Nanging wong bodho rumangsané wis
ngerti sembarang.
9 Wong gemblung ora mreduli dosané
diapura apa ora, nanging wong mursid
ngudi supaya olèh pangapuraning
dosané.
10 Mung atiné wong dhéwé sing
ngrasakaké paiting kasusahané,
mengkono uga wong liya ora bisa mèlu
ngrasakaké kabungahané.
11 Omahé wong mursid tetep ngadeg,
senajan omahé wong duraka wis sirna.
12 Ana dalan sing dikira bener, mangka
wekasané anjog ing pati.
13 Guyu bisa kanggo nutupi sedhihing
ati; wekasané kabungahan mau adaté
mrihatinaké.
14 Wong duraka nampa piwalesing
penggawéné sing ala; wong mursid
nampa ganjarané penggawéné sing
becik.
15 Wong bodho ngandel marang
tembungé saben wong; wong wicaksana
lakuné nganggo duga-duga.
16 Wong wicaksana kuwi ngati-ati, mula
nyingkiri piala, nanging wong bodho ora
sabaran lan tumindaké kesusu.

17 Wong sing cepak nepsuné sok metu
pratingkahé sing tanpa dipikir, nanging
wong wicaksana sabar.
18 Wong sing tanpa budi nampa
piwalesing kabodhoané, nanging wong
wicaksana diganjar kawruh.
19 Wong ala bakal ndhingkluk ana ing
ngarepé wong becik, lan wong duraka
ana ing ngareping lawangé wong mursid.
20 Wong mlarat disengiti wong akèh,
malah kancané dhéwé iya mèlu sengit,
nanging wong sugih akèh mitrané.
21 Sing sapa ngina marang pepadhané
kuwi gawé dosa, nanging begja wong
sing melasi marang wong sing nandhang
sangsara.
22 Sing sapa nindakaké kabecikan kuwi
kajèn lan diprecaya déning pepadhané,
nanging sing ngrancang piala kuwi wong
kesasar.
23 Nyambuta-gawé, mesthi kowé bakal
olèh panguripan, nanging wong sing
mrana-mréné mung ngobrol waé, bakal
mlarat uripé.
24 Wong wicaksana kuwi kaganjar
kasugihan, nanging wong tanpa budi
mamèraké kabodhoané.

25 Seksi sing temen kuwi mitulungi nyawané wong, nanging seksi sing cidra gawé cilakané wong.
26 Pangabekti marang Allah kuwi nekakaké katentreman lan awèh pengayoman sentosa marang wong liya lan brayaté.
27 Pangabekti marang Allah kuwi sumberé urip, sing ndadèkaké wong bisa nyingkiri jireting pati.
28 Kamulyané raja kuwi gumantung saka akèhé kawulané, tanpa rakyat raja ora bisa apa-apa.
29 Wong sing sabar atiné wicaksana, nanging wong sing cepak nepsuné nélakaké kabodhoané.
30 Ati sing sarèh kuwi gawé warasé awak, nanging watak cemburu presasat lelara kangker.
31 Sing sapa nindhes wong miskin, kuwi ngala-ala Gusti Allah. Melasi wong mlarat kuwi pangabekti marang Allah.
32 Wong duraka dirubuhaké déning pialané dhéwé, nanging wong becik diayomi déning penggawéné becik.
33 Kawicaksanan kuwi katon saka pamikiré wong sing duwé budi. Wong bodho ora duwé kawicaksanan.

[34] Kabeneran kuwi ndadèkaké
kaluhurané wong sabangsa, nanging
dosa ndadèkaké kanisthané saben wong.
[35] Abdi sing wicaksana gawé renaning
penggalihé Sang Prabu, nanging abdi
sing gawé wirang diukum.

15 [1] Wangsulan sing sarèh gawé
lilihing nepsu, nanging tembung
nylekit ndadèkaké muntabing ati.
[2] Tembungé wong wicaksana nekakaké
kapinteran, nanging tembungé wong
tanpa budi mung isi kabodhoan.
[3] Pangéran pirsa apa sing kelakon
ing saenggon-enggon, nguningani
penggawéné wong sing gawé becik lan
sing gawé ala.
[4] Tembung sing sarèh nekakaké urip,
nanging tembung ambek siya natoni ati.
[5] Wong sing tanpa budi nampik
pamerdiné bapakné, nanging wong sing
nanggapi piwelèh kuwi wicaksana.
[6] Wong mursid tansah ketunggon
raja-brana, nanging wong duraka
kélangan barang-darbèké ing mangsa
karibedan.
[7] Tembungé wong wicaksana kuwi
nyebar kawruh, nanging atiné wong
tanpa budi ora jujur.

8 Gusti Allah rena marang pandongané
wong mursid, nanging kurbané wong
duraka ditampik.
9 Lakuné wong ala kuwi disengiti déning
Allah, nanging wong sing mburu marang
kamursidan dikasihi.
10 Yèn kowé nglakoni kaluputan, bakal
diukum abot, nanging yèn kowé ora
manut ing piwelèh bakal mati.
11 Nraka lan donyané wong mati padha
kapirsanan ing tingalé Allah, apa menèh
atiné para manungsa.
12 Wong angkuh ora gelem diwelèhaké,
lan wegah njaluk rembugé wong sing
luwih ngerti,
13 Ati bungah gawé bingaring ati,
nanging sedhihing ati gawé semplah.
14 Wong sing pinter kepéngin sinau,
nanging wong tanpa budi wis marem
karo bodho.
15 Uripé wong mlarat kuwi ngrekasa
terus, nanging wong sing seneng atiné
presasat ana ing satengahing pésta sing
ora kendhat-kendhat.
16 Luwih becik duwé barang sethithik
kanthi pangabekti marang Allah,
ketimbang dadi wong sugih sing ora
tentrem atiné.

17 Luwih becik mung mangan jangan thok karo wong sing kita tresnani, ketimbang mangan daging karo wong sing padha tukar-padu.
18 Wong sing cepak nepsuné nekakaké grejegan, nanging wong sing sabar nyirep kekerengan.
19 Wong kesèd ana ing endi-endi nemu kasusahan, nanging wong jujur dalané rata.
20 Wong wicaksana gawé bungahé atiné bapakné, nanging wong sing tanpa budi ngina ibuné.
21 Wong tanpa budi wis marem karo kabodhoané, nanging wong wicaksana nglakoni sing bener.
22 Rancangan tanpa panimbang bakal gagal, bisané dadi yèn olèh sarujuké wong akèh.
23 Tembung sing cocog samasa diucapaké ing kaanan sing cocog, kuwi mbungahaké ati.
24 Dalaning uripé wong sing wicaksana kuwi mendhuwur, dudu dalan medhun sing anjog ing kuburan.
25 Pandongané wong angkuh dirusak déning Allah, nanging barang-darbèké wong randha diayomi.

26 Rancangan piala disengiti déning
Allah, nanging tembung manis gawé
renaning penggalihé.
27 Sing sapa ngarah kauntungan gedhé
nganggo tindak sing ora jujur kuwi
ngrusak brayaté dhéwé. Sing sapa
nampik besel bakal dawa umuré.
28 Wong becik mikir dhisik sadurungé
awèh wangsulan. Wong ala énggal awèh
wangsulan, nanging wekasané nekakaké
karubedan.
29 Gusti Allah nyembadani panyuwuné
wong mursid, nanging pandongané wong
ala ditampik.
30 Ulat sing sumèh mbungahaké ati, lan
pawarta sing becik nyegeraké nyawa.
31 Sing sapa nggatèkaké marang
pamelèh kuwi wong sing wicaksana.
32 Sing sapa nampik pamerdi gawé
ruginé awaké dhéwé. Sing sapa
gelem nampani piwelèh bakal wuwuh
kawicaksanané.
33 Pangabekti marang Allah kuwi
marakaké andhap-asor, mula ndadèkaké
wong kajèn-kéringan.

16 1 Manungsa bisa ngrancang-
ngrancang ing sajroning ati,

nanging tembung sing diucapaké kuwi
asalé saka Allah.
2 Wong ngarani yèn apa sing dilakoni
kuwi bener, nanging Allah pirsa
panimbang-nimbanging ati.
3 Sakèhé rancanganmu suwunna berkah
marang Allah, mula sedyamu bakal
keturutan.
4 Samubarang sing dititahaké déning
Allah kuwi ana karepé dhéwé-dhéwé,
mengkono uga wong duraka mesthi
ngalami karusakan.
5 Wong angkuh disengiti déning
Allah, wong mau bakal ora luput saka
paukuman.
6 Sing tresna lan setya marang Allah,
kaluputanmu mesthi bakal diapura;
mbangun-turuta marang Allah, temah
kowé bakal diedohaké saka bilai.
7 Wong sing tansah nindakaké dhawuhé
Allah, senajan satruné dirukunaké karo
wong mau.
8 Hasil sethithik nganggo cara sing
bener kuwi luwih becik, ketimbang karo
pametu akèh srana patrap sing ora jujur.
9 Atiné manungsa ngrancang-ngrancang
dalané, nanging Allah sing netepaké
arahé tumindaké.

[10] Putusan sing didhawuhaké déning Sang Prabu kuwi kawangsit déning Allah, mula ora bisa salah.

[11] Gusti Allah ngersakaké timbangan lan ukuran sing bener, semono uga dol-tinuku kudu kanthi jujur.

[12] Penggawé ala mesthi ditampik déning Sang Prabu, merga keadilan kuwi gawé sentosané pepréntahané.

[13] Wong sing matur sabarèsé gawé renaning penggalihé Sang Raja; wong sing mengkono mau dikasihi.

[14] Wong wicaksana ngarah supaya Sang Raja rena penggalihé, sebab yèn nganti duka bisa nekakaké bilai.

[15] Sihé Sang Raja kuwi kaya mendhung sing nekakaké udan ing mangsa semi, kamirahané kaya pepadhang sing nguripi.

[16] Kawicaksanan kuwi ajiné ngungkuli emas, lan pangertèn ajiné ngungkuli slaka.

[17] Dalané wong mursid ngedohi piala, sapa sing lakuné kanthi prayitna, ngreksa marang nyawané.

[18] Piangkuh kuwi nuntun marang karusakan, lan wong gemedhé bakal ambruk.

19 Becik kanthi andhap-asor amor karo
wong cilik, ketimbang karo ngedum
jarahan karo wong gemunggung.
20 Sing sapa nggatèkaké marang
pangandikané Allah binerkahan, mula
begja wong sing kumandel marang Allah.
21 Wong sing wicaksana ngerti marang
kaanan lan tembungé sing alus marakaké
wong dadi yakin.
22 Kawicaksanan kuwi sumberé urip
tumraping wong sing nduwèni, nanging
wong tanpa budi disiksa merga saka
bodhoné.
23 Wong wicaksana mikir sadurungé
ngucapaké tembung; mula njalari apa
sing diucapaké saya ngyakinaké.
24 Tembung sing sedhep kuwi kaya
talaning madu, kepénak dirasakaké ana
ing ati, lan becik kanggo kuwarasaning
awak.
25 Ana dalan sing dikira bener, mangka
nyatané anjog ing pati.
26 Ngelihing weteng njalari buruh
nyambut-gawé keras, merga kepéngin
maregi wetengé.
27 Wong duraka golèk dhadhakan
natoni atiné liyan, tekan tembungé pisan
ngobong kaya geni.

28 Wong goroh njalari tukar-padu,
lan srana wewadul misahaké wong
memitran.
29 Wong sing seneng ngrodha-peksa
nasaraké pepadhané, lan padha dituntun
marang karusakan.
30 Sing ngati-ati karo wong sing nglirik
kowé karo kedhap-kedhèp; wong mau
duwé karep ala karo kowé.
31 Umur dawa kuwi ganjarané wong sing
mursid lakuné, rambut putih minangka
makuthané.
32 Wong sing sabar ing ati kuwi
ngungkuli pahlawan, lan wong sing bisa
ngendhalèni awaké ngungkuli wong sing
nelukaké negara.
33 Undhi dianakaké kanggo meruhi
kersaning Allah, nanging Allah piyambak
sing paring wangsulan.

17 1 Luwih becik sega garing
saemplokan karo ati sing tentrem,
ketimbang karo mangan iwak saméja
karo tukar-padu.
2 Batur sing wicaksana bakal ngopèni
momongané sing gawé wirang, lan
bakal nampa warisan bareng karo
sedulur-seduluré momongan mau.

3 Emas lan slaka diuji nganggo geni,
déné atiné manungsa diuji déning Allah.
4 Wong ala nggatèkaké gagasan-
gagasan sing ala, wong cidra nanggapi
tembungé wong goroh.
5 Sing sapa moyoki wong miskin, kuwi
ngala-ala karo sing nitahaké. Wong sing
bungah merga bilai sing dialami déning
liyan, ora luput saka paukuman.
6 Wong tuwa ngegungaké putuné, kaya
déné anak ngegungaké bapakné.
7 Wong sing kajèn-kéringan ora patut
menawa goroh, lan wong tanpa budi ora
patut menawa ngucapaké tembung sing
muluk-muluk.
8 Ana wong sing nganggep yèn besel
kuwi sekti tumrap wong sing mènèhi,
bisa ngolèhaké samubarang sing
dikarepaké.
9 Sing sapa kepéngin diraketi wong,
kudu ngapura wong-wong sing gawé
kaluputan marang wong mau. Ngubal-
ubal prekara sing uwis-uwis, kuwi
misahaké mitra.
10 Kanggoné wong wicaksana
diwelèhaké sepisan wis ngerti, nanging
tumraping wong tanpa budi digebug ping
satus durung ngerti.

11 Wong ala mung arep gawé rerusuh, nanging pati bakal nekani wong mau kaya utusan sing ambek siya.
12 Luwih becik kepregok karo bruwang sing kélangan anaké, ketimbang karo ketemu wong tanpa budi sing mbèbèraké bodhoné.
13 Sing sapa males kabecikan nganggo piala, omahé bakal ora kendhat ketekan bilai.
14 Miwiti grejegan kuwi kaya wong mbedhah bendungan, mulané ngundurana tukar-padu sadurungé ndadi.
15 Sing sapa mbeneraké wong ala lan ngukum wong sing ora kaluputan, disengiti déning Allah.
16 Apa gunané wong tanpa budi ngetokaké ragad kanggo pasinaoné, wong mau rak ora waras pikirané.
17 Mitra, selawasé ngétokaké katresnané, lan ing mangsa karibedan ngétokaké pasedulurané.
18 Wong sing janji nanggung utangé liyan kuwi wong bodho.
19 Wong sing dhemen tukaran kuwi seneng gawé panerak, sing sapa seneng umuk kuwi golèk karubedan.

20 Sing sapa seneng ngapusi ora
ngalami katentreman, wong sing goroh
bakal cilaka.
21 Sing sapa duwé anak tanpa budi
bakal nandhang susah, lan bapakné
wong bodho mau ora tau ngrasakaké
kabungahan.
22 Ati sing seneng kuwi obat sing
mujarab, nanging ati semplah presasat
pati sing tekané alon-alon.
23 Hakim sing mélikan gelem nampani
besel, supaya ndhoyongaké keadilan.
24 Sing dituju wong pinter yakuwi tindak
sing wicaksana, nanging wong sing
tanpa budi pikirané nglambrang tekan
ngendi-endi.
25 Anak sing tanpa budi gawé prihatiné
bapakné, lan kasusahané ibuné.
26 Ora prayoga ndhendha wong sing
lakuné bener, lan ora patut nggebugi
wong luhur.
27 Wong wicaksana ngampet tembungé,
wong sing duwé kapinteran sarèh ing
budi.
28 Senajan wong bodho yèn meneng
dianggep pinter, lan yèn ora guneman
dianggep wicaksana.

18

1 Wong sing ndhéwé kuwi golèk
senengé dhéwé; apa sing
dianggep wong akèh bener, tumrapé
dhèwèké salah.
2 Wong sing tanpa budi ora preduli
marang kawruh, senengé pamèr, ngaku
yèn dhèwèké wong pinter.
3 Dosa lan kwirangan kuwi tansah
bebarengan. Sing sapa kélangan
kaurmatan, nampa kanisthan minangka
gantiné.
4 Tembung kuwi bisa dadi sumberé
kawicaksanan, jeroné kaya samodra lan
seger kaya ilining kali.
5 Ora prayoga mbeneraké wong salah
lan nyalahaké sing bener ana ing
pengadilan.
6 Tembungé wong sing tanpa budi njalari
grejegan, swarané bengok-bengok njaluk
digebugi.
7 Wong sing tanpa budi gawé sangsara
awaké dhéwé, wong mau kejiret déning
tembungé dhéwé.
8 Panyatur ala kuwi énak rasané, wong
padha seneng ngrungokaké.
9 Wong kesèd kuwi panyambut-gawéné
padha waé karo wong sing ngrusak.

10 Gusti Allah mono presasat bètèng
sentosa, dadi panggonané wong mursid
ngungsi lan kaslametaké.
11 Rumangsané wong sugih bandhané
kuwi bètèngé, sing ngreksa dhèwèké
kaya témbok sing dhuwur.
12 Wong sing andhap-asor kinurmatan,
nanging wong gemunggung nemu
karusakan.
13 Ngrungokna dhisik sadurungé
kowé awèh wangsulan, yèn ora, kowé
dianggep wong bodho lan asor.
14 Kencenging ati kepéngin urip, njalari
wong tahan nandhang lara, nanging
wong sing kélangan semangaté, sapa
sing arep mulihaké?
15 Wong sing wicaksana tambah
kawruhé, wong sing duwé pangertèn
mburu kapinteran.
16 Menawa kowé kepéngin ketemu
karo penggedhé, nggawaa pisungsung,
supaya rata dalanmu.
17 Wong sing dhisik olèhé ngaturaké
prekarané ana ing pengadilan, kuwi
kaya-kaya sing bener, nganti lawané
ngajokaké pitakonan kanggo nliti
prekarané.

18 Menawa ana penggedhé loro padha
prekaran ana ing pengadilan, sing
kanggo mutusaké prekarané undhian.
19 Yèn kowé mitulungi liyan, wong kuwi
bakal ngayomi kowé kaya témbok sing
sentosa, nanging yèn atiné kokgawé
serik, wong mau bakal ora gelem
candhuk-lawung karo kowé.
20 Wong kuwi uripé saka wohing
tembungé.
21 Tembungmu bisa gawé lestari utawa
ngrusak uripmu. Dadi kowé kudu
nanggung penggawéné ilatmu.
22 Sing sapa nemu jodho kuwi wong
begja, sarta wis olèh sih-kadarman saka
Gusti Allah.
23 Wong mlarat tembungé andhap-asor
lan melas-asih, nanging wong sugih
mangsuli nganggo tembung kasar.
24 Ana memitran sing ora suwé umuré,
nanging uga ana mitra sing kasetyané
ngungkuli sedulur.

19 1 Luwih becik dadi wong miskin
sing lakuné jujur, ketimbang karo
wong tanpa budi sing goroh.
2 Wong sing pethel ing gawé, nanging
tanpa budi kuwi ora migunani sarta

wong sing kesusu, gampang olèhé gawé
kesalahan.
3 Ana wong sing gawé ruginé awaké
dhéwé merga bodhoné, banjur nyalahaké
Gusti Allah.
4 Wong sugih gampang olèh kanca
akèh, nanging wong miskin gampang
ditinggal déning kancané, sing cacahé
mung sethithik.
5 Sapa sing ngucapaké paseksi goroh
ana ing pengadilan bakal diukum; wong
mau bakal ora bisa ngéndhani.
6 Akèh wong sing ngarah olèh sihé
penggedhé; akèh wong sing ngaku
memitran karo wong sing dhemen
wèwèh.
7 Wong miskin kuwi disengiti déning
sedulur-seduluré kabèh, apa menèh
para mitrané, padha ngedohi. Senajan
ditututi lan diundang, kabèh wis ora ana.
8 Sing sapa golèk kapinteran kuwi
nresnani awaké dhéwé; menawa
dipigunakaké, bakal nambahi kabegjané.
9 Seksi goroh bakal nampa paukuman,
sing nyebar goroh bakal katumpes.
10 Wong tanpa budi ora patut urip
mukti, padha kaya batur-tukon ora patut
ngerèh penggedhé.

11 Wong sing wicaksana ngendhalèni nepsuné, lan dialem merga ngapura wong sing gawé kaluputan marang wong mau.
12 Dukané ratu kuwi presasat panggeroné singa, sih-palimirmané kaya udan sing dianti-anti.
13 Anak sing tanpa budi kuwi ngentèkaké bandhané bapakné, lan rabi sing dhemen padu kuwi kaya payon sing trocoh ora lèrèn-lèrèn.
14 Wong bisa olèh warisan omah lan bandha saka wong tuwané, nanging rabi sing wicaksana, mung Gusti Allah sing paring.
15 Wong kesèd seneng turu terus, nanging wekasané bakal keluwèn.
16 Sing sapa nglakoni dhawuhé Allah kaganjar umur dawa, nanging sing sapa nyepèlèkaké pangandikané bakal mati.
17 Sing sapa nulungi wong miskin kuwi motangaké marang Allah; Panjenenganè sing bakal nyaur.
18 Anakmu perdinen wiwit cilik, yèn ora ateges kowé mèlu ngrusak anakmu mau.
19 Wong sing cepak nepsuné bakal nanggung akibaté; yèn wis koktulung

sepisan kepeksa kudu koktulungi
saterusé.
20 Ngrungokna marang rembug sing
becik lan éling-élingen, supaya ing
tembé dadi wicaksana.
21 Wong bisa ngrancang samubarang,
nanging kersané Allah sing kelakon.
22 Wong sing srakah kuwi nistha, luwih
becik dadi wong miskin ketimbang
nglakoni goroh.
23 Mbangun-turuta marang Allah, temah
kowé bakal urip, marem, lan kalis ing
bilai.
24 Ana wong sing saka kesèdé suthik
nglebokaké pangan ing cangkemé
dhéwé.
25 Wong keminter kudu diajar, supaya
ngerti yèn isih ana prekara sing durung
dingertèni. Wong sing wicaksana
menawa dituduhaké salahé bakal
ngrumangsani.
26 Sing sapa naboki bapakné lan
nundhung ibuné metu saka omahé kuwi
anak sing nistha lan gawé wirang awaké
dhéwé.
27 Hé anakku, menawa kowé nampik
marang pitutur, kowé bakal kélangan
kawruh sing wis kokduwèni.

28 Seksi sing ala kuwi ngrèmèhaké
hukum; wong ala kepéngin ngrasakaké
kanikmatané piala.
29 Wong tanpa budi sing gemunggung
kuwi pantes digitiki.
20 1 Kakèhen ngombé anggur
marakaké swara dadi sora, lan
minuman keras njalari wong dadi lali.
Ora wicaksana wong sing ngombé
anggur nganti mendem.
2 Dukané raja kuwi presasat panggeroné
singa, sing sapa gawé dukané Sang
Prabu kuwi nyilakani awaké dhéwé.
3 Wong sing ngedohi tukar-padu kuwi
kajèn, nanging wong sing tanpa budi
seneng ngumbar nepsuné.
4 Wong tani sing kesèd, ora gelem
mluku lemahé, tekan mangsané panèn
ora ngundhuh apa-apa.
5 Gagasané atiné manungsa kuwi kaya
sumur jero, nanging wong sing pinter
bisa nimba saka kono.
6 Saben wong ngaku yèn dhèwèké
wong becik lan kena diprecaya, nanging
delengen endi sing mengkono temenan?
7 Begja bocah sing duwé bapak jujur,
lan sing nindakaké prekara sing bener.

8 Sang Prabu kang pinarak ing kursi
pengadilan, pirsa sembarang sing ala
kalawan paningalé.
9 Sapa sing bisa muni, "Atiku resik
temenan, aku ora duwé dosa?"
10 Gusti Allah sengit karo wong sing
migunakaké timbangan lan ukuran
palsu.
11 Senajan bocah pisan kena dititik saka
kelakuané, apa temen apa ora.
12 Sing nitahaké kuping kanggo ngrungu
lan mripat kanggo ndeleng kuwi Gusti
Allah piyambak.
13 Aja karem turu, supaya kowé aja
tumiba ing kemlaratan. Nyambuta-gawé
sing sregep, supaya lubèr panganmu.
14 Wong tuku selawasé muni, "Barangé
ora apik!" Nanging bareng mungkur
ngalem yèn barangé satemené apik.
15 Emas lan watu aji pancèn akèh,
nanging kalah regané karo lambé sing
wicaksana.
16 Wong sing nanggung utangé wong
liya kuwi tanpa budi. Becik menawa
barang-darbèké wong mau dirampas
kanggo jaminan.

17 Barang colongan kuwi énak rasané,
nanging ora suwé cangkemé kaya-kaya
kebak krikil.
18 Rancangan bisa kelakon becik
menawa wis ditimbang-timbang kalawan
mateng, mulané yèn maju perang kudu
nganggo siasat.
19 Sing sapa nyatur ala kuwi mbukak
wadi, mulané aja srawung karo wong
sing dhemen wewadul.
20 Sing sapa ngipat-ipati wong tuwané,
uripé bakal sirep kaya lampu senthir sing
mati ing petengan.
21 Barang-darbé sing olèhé kalawan
gampang, wekasané ora dadi berkah.
22 Pemales aja koktindakaké dhéwé,
nanging pasrahna marang Allah, lan
Panjenengané sing bakal nindakaké.
23 Gusti Allah sengit karo wong sing
migunakaké timbangan lan ukuran
palsu.
24 Jangkahé manungsa kuwi Gusti Allah
sing nemtokaké. Sarèhné mengkono
kepriyé bisané manungsa weruh dalané?
25 Menawa arep janji apa-apa karo
Gusti Allah kuwi pikiren dhisik, supaya
ing tembé ora getun.

26 Raja sing wicaksana pirsa wong sing
ala lan ditindhes bola-bali.
27 Gusti Allah kang nitahaké budi lan
osiking ati, manungsa ora bisa ndhelik
ngoncati awaké dhéwé.
28 Raja bakal tetep pangwasané samasa
pepréntahané jujur, bener lan adil.
29 Sing diendelaké wong nom kuwi
kekuwatané, lan kaéndahané wong tuwa
kuwi uwané.
30 Manungsa sok kudu kebentus dhisik,
sadurungé gelem ngowahi lakuné sing
ala.

21 1 Allah kang ngerèh penggalihé
raja, presasat kali, diilèkaké ing
sakersané piyambak.
2 Saben wong nganggep yèn penemuné
kuwi sing bener dhéwé, nanging Gusti
Allah mriksa atiné wong.
3 Gusti Allah luwih rena penggalihé
yèn manungsa nglakoni kabeneran lan
keadilan, ketimbang karo nyaosaké
kurban marang Panjenenganė.
4 Wong duraka dituntun déning rasa
angkuh lan gemunggung, mangka kuwi
dosa.

5 Manungsa sing ngati-ati kuwi
nekakaké asil akèh, nanging sing sapa
kesusu bakal ngalami kecingkrangan.
6 Ngarah kasugihan srana ngapusi kuwi
kaya pedhut sing ilang kabur ing angin
lan nuntun marang bilai.
7 Wong ala padha nemahi karusakan
déning panganiaya sing ditindakaké
dhéwé, merga padha nampik nindakaké
prekara sing bener.
8 Dalané wong ngapusi kuwi ménggak-
ménggok, nanging lakuné wong sing
resik lempeng.
9 Pilih manggon ing payon, ketimbang
manggon saomah karo bojo sing crèwèt.
10 Wong duraka kuwi tansah kepéngin
nindakaké piala, lan ora duwé welas
marang pepadhané.
11 Wong gemunggung yèn diukum
marakaké wong bodho dadi pinter.
Wong wicaksana mundhak kawruhé saka
pengalamané.
12 Gusti Allah nggatosaké omahé wong
ala; wong mau dijorogaké marang bilai.
13 Sing sapa ora gelem ngrungokaké
pesambaté wong mlarat, yèn sesambat
dhéwé bakal ora diparingi.

14 Atur-atur sing diwènèhaké nganggo
sesidheman, nyirep nepsuné wong sing
lagi mulad-mulad.
15 Kabeneran gawé bungahé wong
mursid, nanging gawé geteré wong
duraka.
16 Wong sing nyimpang saka kabeneran,
kuwi lakuné bakal anjog ing pati.
17 Wong sing seneng mangan énak
bakal nandhang kekurangan; mangan
énak ora ndadèkaké sugih.
18 Wong ala mesthi ketekan bilai, sing
arep ditujokaké marang wong mursid.
19 Pilih manggon ana ing ara-ara samun,
ketimbang manggon saomah karo rabi
sing cepak nepsuné lan seneng padu.
20 Omahé wong wicaksana kanggonan
kalubèran, nanging wong tanpa budi
ngentèkaké sanalika apa sing ditampa.
21 Sing sapa nindakaké kabeneran lan
katresnan bakal kaparingan umur dawa,
kaluhuran lan kaurmatan.
22 Wong wicaksana bisa ngrebut bètèng
sing dijaga déning wong rosa-rosa, lan
ngrubuhaké témbok-témboké sing padha
diendel-endelaké.

23 Sing sapa njaga tembungé,
ngedohaké awaké dhéwé saka
karubedan.
24 Wong angkuh kuwi gemunggung,
lumuhur-luhur lan ninggal tata-krama.
25 Wong kesèd sing wegah nyambut-
gawé mati déning pekaremané dhéwé.
26 Senengé sedina-dina mung ngangen-
angen apa sing dipéngini; nanging wong
mursid seneng wèwèh kanthi loma.
27 Gusti Allah sengit karo kurbané wong
ala, apa menèh sing dicaosaké kalawan
sedya ala.
28 Paseksi goroh bakal ditampik,
nanging tembungé wong sing ditimbang-
timbang kanthi mateng bakal ditampa.
29 Wong mursid kuwi salaku-lakuné
mantep; nanging kabecikané wong
duraka digawé-gawé.
30 Kawicaksanané manungsa, kawruh
lan pratikelé ora ana gawéné samasa
cengkah karo kersané Allah.
31 Wong bisa nyawisaké jaran kanggo
perang, nanging sing paring kemenangan
kuwi Allah.

22 1 Jeneng sing becik kuwi ajiné
ngungkuli kasugihan gedhé,

ditresnani déning wong ajiné ngungkuli
emas lan slaka.
2 Wong sugih lan wong mlarat kuwi
pinangkané padha, karo-karoné Gusti
Allah sing nitahaké.
3 Wong wicaksana weruh bilai sing arep
nekani, banjur diéndhani; nanging wong
tanpa budi ndlarung waé, lan wekasané
getun.
4 Ganjarané wong sing andhap-asor lan
ngabekti marang Allah, kuwi kasugihan,
kaurmatan lan umur dawa.
5 Wong sing ngreksa uripé kuwi ngedohi
jiret, sing dipasang ana ing dalané wong
ala.
6 Bocah wiwit cilik ajarana bab dalan
sing prelu diambah; supaya tekan tuwa
ora bakal nyimpang.
7 Wong mlarat dadi budhaké wong
sugih, lan wong utang dadi budhaké sing
ngutangi.
8 Wong sing nyebar panganiaya
bakal ngentèni bilai, mula mandheg
panganiayané.
9 Wong sing seneng wèwèh marang
wong mlarat bakal diberkahi, merga
rejekiné dipangan bareng karo wong
miskin.

10 Wong sing angkuh kuwi singkirana, temah bakal ora ana grejegan, tukar-padu lan tuding-tudingan sing siji nyalahaké sijiné.
11 Wong sing resik atiné lan alus tembungé, bakal dadi mitrané Sang Raja.
12 Gusti Allah njaga lestariné kabeneran, srana ora nggapé tembungé wong goroh.
13 Wong kesèd gawé alasan, "Ing njaba ana singa, aku dakana ing omah waé, mundhak aku ditubruk ana ing dalan."
14 Laku jina kuwi upamané kaya luwangan. Wong sing diukum Gusti Allah kecemplung ana ing kono.
15 Bocah mono wis lumrah yèn tumindaké tanpa budi, mariné menawa digitik srana pendidikan.
16 Sing sapa atur-atur marang wong sugih lan nindhes wong miskin supaya olèh kauntungan kanggo awaké dhéwé, kuwi nekakaké kecingkrangan marang awaké dhéwé.
17 Rungokna pituturé wong wicaksana; piwulangku iki gatèkna.
18 Menawa koksimpen ing atimu lan kokcepakaké ing lambému, bakal gawé senengé atimu.

19 Aku kepéngin supaya kowé duwé
pengandel marang Allah, mulané
bebasan iki dakkandhakaké marang
kowé, iya marang kowé dhéwé.
20 Aku wis nulis bebasan 30 kanggo
kowé, isi kawruh lan pitutur bab apa sing
diarani kabeneran.
21 Prekara mau arep dakwulangaké
marang kowé, iya marang kowé dhéwé,
supaya samasa kowé didhawuhi nggolèki
prekara endi sing bener, kowé bisa awèh
wangsulan marang sing ndhawuhi.
22 Aja golèk bathi saka wong miskin
dupèh kowé bisa tumindak mengkono,
lan aja golèk asil saka wong sing lagi
kepèpèt enggoné prekaran ana ing
pengadilan.
23 Merga, Allah mbéla prekarané wong
mau lan njabut nyawané wong sing
ngrampas bandhané wong mau.
24 Aja srawung karo wong sing cepak
nepsu utawa sing brangasan,
25 mundhak kowé ketularan wataké lan
ora bisa uwal.
26 Aja nanggung utangé wong liya.
27 Yèn kowé ora bisa nyaur utangé bisa
uga slèmèk sing kokturoni katut dilorod
kanggo nyaur utangé.

28 Pathok watesé lemahmu sing lawas
aja kokunduraké, merga kuwi wis
ditetepaké déning leluhurmu.
29 Wong sing trampil lan pethel ing
gawé bakal ngawula marang raja, ora
marang wong asor.

23

1 Yèn kowé disuguh mangan wong
gedhé, élinga sapa wongé kuwi.
2 Yèn sing disuguhaké karemanmu,
kowé kudu nyegah pangangah-angahmu.
3 Aja kakèhan olèhmu ngrahapi suguhan
sing énak-énak mau, jalaran bisa uga
wong sing nyuguh mau arep njorogaké
kowé.
4 Aja ngangsa kepéngin dadi sugih,
cegahen niatmu sing mengkono kuwi.
5 Sebab, bandhamu bisa entèk
sakedhèp nétra, kaya-kaya duwé swiwi,
banjur mabur kaya manuk garudha.
6 Aja mangan suguhané wong medhit
lan ngrahapi pangané sing énak-énak.
7 Wong kuwi nawani, "Mangga kula aturi
mundhut malih!," nanging pangucapé
mau mung lelamisan. Ana prekara liya
sing dipikir. Lan sing dipikir kuwi sing
satemené dikarepaké.

8 Sing kokpangan bakal kokwutahaké
menèh, lan tembungmu manis ora ana
gunané.
9 Aja ngajak omong-omongan wong
sing tanpa budi, sebab tembungmu sing
wicaksana bakal mung dirèmèhaké waé.
10 Aja ngunduraké pathok lawas watesé
lemahmu, lan aja ngrebut lemahé bocah
lola.
11 Sebab Gusti Allah sing mbéla
prekarané bocah mau kuwi mahakwasa.
Panjenengané piyambak kang bakal
prekaran karo kowé.
12 Gatèkna piwulangé gurumu lan
golèka kawruh sakatogmu.
13 Anakmu perdinen; ora-orané anakmu
mati yèn koksabeti,
14 malah bakal ndadèkaké beciké ing
saterusé.
15 Hé anakku, aku bungah yèn kowé
dadi wong wicaksana.
16 Atiku bakal mongkog menawa krungu
tembungmu sing jujur.
17 Kowé aja mèri karo wong-wong sing
gawé piala, nanging ngabektia marang
Allah,
18 mesthi uripmu ing tembé bakal
kepénak.

19 Hé anakku, rungokna, dadia wong
wicaksana, lan jaganen kelakuanmu
supaya ora nyimpang saka dalan sing
bener.
20 Aja sesrawungan karo wong sing
gawéné mendem anggur utawa seneng
mangan énak.
21 Wong sing karem anggur lan mangan
énak kuwi wekasané bakal cilaka. Yèn
uripmu mung mangan lan turu ora suwé
bakal mlarat.
22 Rungokna pituturé bapakmu, sebab
bapakmu kuwi sing nganakaké kowé, lan
aja ngrèmèhaké ibumu samangsa ibumu
wis tuwa, malah ngétokna enggonmu
ngajèni.
23 Kabeneran, kawicaksanan, kawruh
lan pangertèn kuwi akèh ajiné, mulané
aja kokedol.
24 Bapak bakal seneng yèn anaké
becik atiné, lan mongkog yèn anaké
wicaksana.
25 Bapak lan ibumu gawénen gedhé
atiné, karebèn rumangsa begja déné
duwé anak kowé.
26 Hé anakku, pituturku gatèkna, nirua
lelakonku.

27 Wong wadon tuna susila kuwi
presasat kala-jiret sing mbebayani.
28 Kaya bégal sing ngadhang wong ana
ing dedalan sarta njalari wong lanang
akèh padha sèdhèng.
29 Sing sapa seneng endem-endeman
ngombé anggur nganti bengi, lan seneng
ngicipi campuran anggur anyar, yakuwi
wong sing seneng sesambat njaluk
diwelasi, sing selawasé gawé gègèr, lan
selawasé ora nrima. Wong mau mripaté
abang lan rainé abuh pating brénjol;
mesthiné sing mengkono ora prelu.
30 (23:29)
31 Mulané kowé aja kena digodha
déning anggur, senajan rupané abang
sumringah, gumebyar ana ing tuwung
lan yèn diombé énak rasané, angler
mlebuné ing gorokan.
32 Nanging ésuké rasané awakmu kaya
mentas dicokot ula mandi.
33 Mripatmu banjur weruh rerupan sing
anèh-anèh, kowé ora bisa mikir lan
kandhamu ora cetha.
34 Rasané kaya lagi mabuk-laut ing
tengahé segara, gondhal-gandhul
gumantung ing cagaking prau.

35 Kowé bakal muni, "Wah aku diantemi,
nanging ora krasa. Aku digebugi, nanging
aku ora kèlingan. Yagéné aku ora bisa
menyat? Wah, yèn ngono aku prelu
ngombé menèh!"

24 1 Aja mèri karo wong ala, lan aja
memitran karo wong sing kaya
mengkono.
2 Wong mau gawéné mung ngrancang-
ngrancang piala; sing digunem mung
olèhé arep gawé cilakané liyan.
3 Omah kuwi ngadegé didhasari
kawicaksanan lan
4 merga pangertèn kamar-kamaré diisi
prabot lan barang-barang pèni sing akèh
ajiné.
5 Wong wicaksana kuwi wibawané
luwih gedhé ketimbang karo wong rosa.
Pancèn mengkono, kawruh kuwi luwih
penting tinimbang kekuwatan.
6 Sebab wong sing kepéngin menang,
dhisik dhéwé kudu duwé rancangan sing
apik sadurungé miwiti perang, mangka
rancangan sing apik, yakuwi yèn akèh
sing mènèhi rembug.
7 Wong sing tanpa budi ora ngerti
surasané bebasan sing jero. Wong mau

ora bisa urun rembug apa-apa samasa
ana prekara penting.
8 Sing sapa tansah ngrancang piala,
bakal karan wong jail.
9 Apa sing kewetu saka wong tanpa
budi mau anané mung piala. Wong
sing seneng gawé cilakané liyan kuwi
disengiti saben wong.
10 Yèn ing mangsa karubedan kowé cilik
ing ati, kuwi nélakaké yèn kowé pancèn
ora duwé kekuwatan.
11 Aja mangu-mangu ngluwari wong
sing diukum pati, ikhtiyarna luwaré wong
sing arep digantung.
12 Bisa uga kowé duwé penganggep
yèn kuwi dudu urusanmu, nanging Gusti
Allah pirsa alasanmu sing satemené.
Panjenengané rak ngulataké kowé, lan
bakal ngganjar manut penggawému.
13 Hé anakku, mangana madu, sebab
kuwi becik kanggo kuwarasanmu. Kaya
déné madu saka ing tala mau rasané legi
ing ilat,
14 semono uga kawicaksanan
tumraping nyawa. Mulané nduwènana
kawicaksanan, mesthi mbésuk uripmu
bakal kepénak.

15 Aja kaya wong ala sing ngrancang-
ngrancang mbégal wong mursid, utawa
ngrebut omahé.
16 Sebab senajan wong mursid kerep
ambruk, nanging mesthi tangi menèh,
nanging wong ala bakal tumpes déning
bilai.
17 Aja seneng yèn mungsuhmu nemu
bilai, lan aja bungah-bungah yèn
mungsuhmu keplèsèt.
18 Sebab yèn Gusti Allah pirsa, kowé
mesthi dianggep ala ing ngarsané lan
Panjenengané dadi murungaké enggoné
arep males marang mungsuhmu mau.
19 Kowé aja kwatir bab wong ala, lan
aja mèri marang wong mau.
20 Wong ala mono ora duwé pengarep-
arep bab kaananané ing mbésuké.
21 Hé anakku, wedia marang Allah lan
ngurmatana Sang Prabu. Aja mèlu-mèlu
karo wong sing mbaléla marang Allah
lan Sang Prabu.
22 Wong sing mengkono sawayah-wayah
bisa ketekan bilai, mangka kowé ngerti
sepira gedhéné bilai mau.
23 Ing ngisor iki bebasan anggitané para
wicaksana. Ana ing pengadilan, hakim
ora kena mawang wong.

24 Hakim sing nyalahaké wong bener
bakal diipat-ipati lan disengiti déning
saben wong.
25 Nanging hakim sing ngukum wong
sing salah bakal begja uripé lan olèh
jeneng apik.
26 Sing sapa awèh wangsulan kang jujur
kuwi mitra sing sejati.
27 Aja ngedegaké omah utawa mbangun
brayat dhisik yèn pegawéan ing
pategalanmu durung kokgarap nganti
rampung, supaya kowé duwé apa sing
arep kokenggo sangu urip.
28 Aja nggorohi pepadhamu lan aja
ngapusi pepadhamu.
29 Kowé aja kandha, "Wong kuwi arep
dakwales kaya penggawéné marang
aku!"
30 Tau aku liwat ing palemahané wong
kesèd, lan ing pakebonan angguré wong
tanpa pikiran.
31 Wah kabèh kebak rerungkudan,
lemahé ketutupan ing lateng[c] lan
témboké jugrug kabèh.
32 Kuwi kabèh daktamatataké lan aku
olèh piwulang.

---

[c]lateng: bangsané tuwuhan.

33 Sing sapa muni, "Turu sedhéla
engkas, ngantuk sedhéla engkas,
sedhakep sedhéla engkas, lèyèh-lèyèh
sedhéla engkas,"
34 wong kuwi sajroné isih turu bakal
ketekan kemiskinan kaya rampog sing
nggawa gegaman.

25 1 Bebasan-bebasan iki
iya anggitané Suléman,
diklumpukaké déning para abdiné Hizkia
ratu ing Yéhuda.
2 Kita ngluhuraké Allah merga
Panjenengané medhar prekara-prekara
sing winadi. Kita ngurmati Sang Prabu
merga enggoné paring ketrangan.
3 Wong ora bisa njajagi penggalihé raja.
Penggalihé ngungkuli kita kabèh, kaya
dhuwuré langit lan jeroné samodra.
4 Rereged ing slaka menawa diresiki,
slaka mau kena digarap déning kemasan
dadi piranti.
5 Penaséhat sing ala singkirna saka ing
ngarsané Sang Raja, mula pepréntahané
bakal adil.
6 Yèn ngadhep Sang Prabu aja
gemedhé, lan aja nganggep awakmu
padha karo wong gedhé.

7 Luwih becik wong akon kowé, "Kula
aturi minggah mriki," ketimbang
karo diasoraké ana ing ngarepé para
penggedhé.
8 Aja kesusu ngladèkaké prekara ana
ing pengadilan. Saupama banjur ana
wong liya sing mbuktèkaké yèn kowé
salah, kowé arep muni apa?
9 Buktèkna karo pepadhamu yèn kowé
pancèn bener, nanging aja mbukak
wadiné wong liya.
10 Supaya kowé ora diécé wong sing
padha krungu, lan gentèn digawé
wirang.
11 Tembung patitis sing diucapaké ing
wektu sing cocog, kuwi kaya woh apel
emas disèlèhaké ing piring slaka.
12 Pituturé wong wicaksana kuwi luwih
aji, ketimbang karo ali-ali utawa hiasan
emas murni.
13 Utusan sing setya kuwi gawé leganing
atiné sing ngutus, kaya banyu adhem
sing seger yèn nuju panèn ing mangsa
panas.
14 Wong sing janji arep wèwèh nanging
ora tau diulungaké, kuwi presasat
mendhung awor angin tanpa udan.

15 Penggedhé sing keras wataké bisa
diyakinaké nganggo kesabaran, tembung
sing sarèh bisa ngempukaké ati sing
keras.
16 Mangana madu sacukupé waé, aja
nganti kewaregen, nganti kokwutahaké
menèh.
17 Aja kekerepen sanja ing omahé
wong, supaya wong mau ora bosen,
nganti dadi sengit karo kowé.
18 Sing sapa awèh paseksi goroh ing
ngatasé pepadhané, padha kaya matèni
wong mau nganggo penthung, pedhang
utawa panah sing landhep.
19 Ngendelaké wong sing ora kena
diprecaya ing wektu karibedan, kuwi
kaya wong mamah tanpa untu utawa
mlaku mangka sikilé pincang.
20 Sing sapa menyanyi ing ngarepé
wong sing lagi susah, kuwi kaya wong
sing mbukak kemulé ing mangsa
bedhidhing utawa ngesokaké cokak ana
ing tatuné.
21 Wong sing sengit karo kowé, yèn
keluwèn wènèhana mangan, yèn ngelak
wènèhana ngombé.

22 Srana mengkono wong mau bakal
kisinan banget lan kowé bakal diganjar
déning Allah.
23 Penyatur ala kuwi gawé panasing ati,
kaya angin saka Lor kuwi mesthi nggawa
udan.
24 Pilih manggon ing payoning omah
ketimbang dadi saomah karo rabi sing
seneng padu.
25 Krungu kabar becik ana ing negara
manca iku segeré kaya wong ngelak
ngombé banyu adhem ing mangsa
panas.
26 Wong mursid sing kwatir ngadhepi
wong ala kuwi kaya sumber sing buthek
utawa kotor.
27 Kakèhan mangan madu kuwi ora
becik, semono uga wong sing kakèhan
pangalembana.
28 Wong sing ora bisa ngerèh nepsuné,
upamané kaya kutha sing tanpa bètèng,
mula gampang ditelukaké.
26 1 Kaya déné ora ana salju tiba
ing mangsa panas lan udan ing
mangsa panèn, kaya mengkono uga ora
ana wong tanpa pikir sing diurmati.

2 Ipat-ipat bakal ora mempan, kejaba
yèn kowé pancèn salah. Iku mung kaya
manuk sing liwat mabur lan ora ménclok.
3 Jaran kudu dipecut lan kuldi kudu
dikendhalèni, mengkono uga wong tanpa
pikir mbutuhaké gebug.
4 Sing sapa mangsuli pitakoné wong
tanpa pikir, kuwi dadi tanpa budi dhéwé.
5 Wong tanpa pikir iku kudu diwangsuli
miturut kaananané sing bodho mau,
supaya aja duwé penganggep yèn
dhèwèké kuwi wong pinter.
6 Sing sapa kongkonan wong tanpa
pikir, kuwi padha karo ngetok sikilé
dhéwé, ateges nyilakani awaké dhéwé.
7 Wong tanpa budi ora bisa migunakaké
bebasan, kaya déné wong lumpuh ora
bisa migunakaké sikil kanggo mlaku.
8 Sing sapa ngurmati wong tanpa budi,
kuwi padha waé karo nalèni watu ana
ing bandhil.
9 Wong tanpa budi sing ngucapaké
bebasan kuwi kaya wong mendem sing
ngarah njupuk eri sing tumancep ing
tangané.
10 Wong sing njupuk wong gemblung
utawa wong mendem dadi buruhé, kuwi

presasat wong manah sing natoni saben
wong sing liwat.
11 Kaya déné asu mbalèni utah-
utahané, mengkono uga wong tanpa
pikir ngambali bodhoné.
12 Wong tanpa budi sing bodho dhéwé,
kuwi kaananané luwih becik, ketimbang
karo wong sing rumangsa pinter dhéwé.
13 Wong kesèd wegah ninggal omahé,
ujaré, "Ana ing dalan lan lurung-lurung
ana singa."
14 Wong kesèd ngglébag ngiwa ngglébag
nengen ana ing peturoné, kaya lawang
mubeng ing èngsèlé.
15 Wong kesèd muluk ing piring,
nanging awang-awangen ngangkat
tanganė menyang lambéné.
16 Wong kesèd rumangsa luwih pinter
ketimbang karo wong wicaksana pitu
sing pinter mangsuli.
17 Wong sing mèlu-mèlu tukar-padu
sing dudu urusané, kuwi kaya wong
mlaku ing dalan njèwèr kupingé asu.
18 Wong sing nasaraké liyan, mangka
ngakuné mung geguyon, kuwi wong
gendheng sing dolanan geni.
19 (26:18)

20 Tanpa kayu geni bakal mati; tanpa
penyatur ala tukar-padu bakal sirep.
21 Merga anané areng, mawa terus
mengangah; merga kayu, geni murub
terus, mengkono uga penyatur ala gawé
ndadiné tukar-padu.
22 Penyatur ala kuwi kaya panganan
énak. Saben wong seneng mangan.
23 Lambé manis sing nutupi kekarepan
ala kuwi kaya krèwèng kalapis slaka.
24 Wong lamis kuwi nutupi rasa sengit
nganggo tembung manis.
25 Aja ngandel karo sumèhé ulaté,
merga atiné ngendhem rasa sengit.
26 Senajan wong nutupi rasa sengit,
nanging penggawéné ala bakal konangan
déning wong akèh.
27 Sing sapa masang kala kanggo
wong liya bakal kejiret dhéwé, sing
sapa ngglundhungaké watu bakal
keglundhungan dhéwé.
28 Ilat cidra natoni wong sing disengiti,
lambé cidra nekakaké karusakan.

27 1 Aja gemunggung mungguh dina
sésuk, awit kowé ora ngerti apa
sing bakal kelakon ing dina sésuk.
2 Karebèn wong liya sing ngalem kowé,
aja lambému dhéwé; karebèn wong

sing kowé ora kenal waé, aja lambému
dhéwé.
3 Senajan watu lan pasir kuwi abot,
nanging ora sepiraa yèn katandhing karo
laraning ati merga saka penggawéné
wong tanpa budi.
4 Brangasan kuwi tegelan lan gawé
rusak, nanging dudu apa-apa yèn
katandhing karo cemburu.
5 Becik pamelèh sing blaka, tinimbang
katresnan sing ora dikétokaké.
6 Mitra karepé apik, senajan kowé
digebug, nanging menawa kowé
dirangkul mungsuhmu, sing ngati-ati.
7 Yèn kowé lagi wareg, senajan madu
pisan koktampik; nanging yèn kowé
ngelih, senajan pangan sing pait pisan
rasané legi.
8 Wong sing ana ing paran, kuwi kaya
manuk sing ninggal susuhé.
9 Ganda arum lan lenga wangi gawé
senengé ati, nanging karubedan
gawé bubrahing pikir lan ngilangaké
tentreming ati.
10 Aja lali karo mitramu lan mitrané
bapakmu. Yèn ngalami karubedan aja
njaluk tulung marang sedulur; tangga

sing cedhak luwih becik tinimbang
sedulur sing adoh.
11 Hé anakku, tumindaka kanthi
wicaksana, supaya seneng atiku, lan bisa
mangsuli wong sing padha nacad aku.
12 Wong wicaksana ngéndhani bilai sing
arep nekani, nanging wong tanpa pikir
malah methukaké.
13 Sing sapa merga bodhoné nanggung
utangé wong sing dudu kenalané, kuwi
becik yèn barang-darbèké dirampas
dienggo nanggung lunasé utang mau.
14 Sing sapa isih ésuk umun-umun
awèh salam karo mitrané nganggo swara
sora nganti gawé kagèté, kuwi padha
karo ngipat-ipati mitrané.
15 Rabi sing crèwèt kuwi kaya payon
trocoh ing mangsa udan.
16 Sing sapa bisa gawé menengé, kuwi
presasat bisa ngendheg angin utawa
nggegem lenga.
17 Wesi landhepé menawa diasah
nganggo wesi; semono uga manungsa
dadi pinter merga sesrawungan karo
pepadhané.
18 Sing sapa ngrumati wit anjir bakal
mangan wohé, lan abdi sing nggematèni
bendarané bakal diajèni.

19 Sing sapa ngilo ing banyu weruh
rupané, mengkono uga atiné manungsa
kuwi nuduhaké watak-wataké wong
mau.
20 Pepénginané ati kuwi kaya donyané
wong mati, ora kebak-kebak, tansah
bisa ditambahi menèh.
21 Emas lan slaka bisa diuji nganggo
geni, nanging ala-beciké wong diukur
nganggo penganggepé wong akèh.
22 Wong sing tanpa pikir senajan
ditutu awor karo gabah ana ing lesung,
bodhoné ora bakal ilang.
23 Wedhus lan raja-kayamu gematènana
kalawan tliti;
24 sebab kasugihan mono ora tetep;
senajan bangsa pisan ora langgeng
selawasé.
25 Mulané nglumpukna damèn lan
ngarita suket ing pèrèng-pèrènging
gunung.
26 Pakakna wedhusmu supaya wuluné
kena koktenun kagawé klambi, lan
wedhusmu lanang kena kokedol kanggo
tuku lemah.
27 Malah cukup kanggo panganmu
lan pangané brayatmu sarta kanca-
kancamu.

28 1 Wong ala mlayu, senajan ora
ana sing mburu, nanging wong
mursid kendel kaya singa.
2 Bangsa sing akèh dosané pijer gonta-
ganti pemimpin; bangsa mau sentosa
lan lestari menawa dierèh déning wong
pinter sing wicaksana.
3 Penggedhé sing nindhes wong miskin
kuwi kaya udan deres sing ngrusak
panèn.
4 Wong sing ora ngajèni prenatan kuwi
ngalem marang wong duraka, nanging
wong mursid nepsu menawa prenatan
dirusak.
5 Wong duraka ora ngerti apa sing
diarani bener, nanging wong mursid
ngerti samubarang.
6 Luwih becik dadi wong miskin nanging
jujur, ketimbang dadi wong sugih sing
culika.
7 Anak sing netepi prenatan kuwi
wicaksana, nanging anak sing seneng
sesrawungan karo wong ora kanggo ing
gawé, gawé wirangé bapakné.
8 Wong sing sugihé merga nganakaké
dhuwité, kasugihané bakal dadi
pandumané wong sing melasi wong
miskin.

9 Sing sapa ora maèlu prenatan,
pandongané disengiti déning Allah.
10 Sing sapa nasaraké wong mursid
marang dalan sing ala, bakal kejiret
déning kalané dhéwé. Wong sing ora
kaluputan nampa ganjaran.
11 Wong sugih selawasé rumangsa
wicaksana, nanging wong miskin sing
wicaksana ngerti kaanané wong mau
sing satemené.
12 Yèn wong mursid nyekel depréntahan,
wong kabèh padha seneng, nanging
yèn wong ala olèh pangkat wong kabèh
padha umpetan.
13 Sing sapa nutupi kaluputané ora
bakal maju, nanging sing sapa ngakoni
lan marèni kaluputané dikasihi déning
Allah.
14 Mbangun-turuta marang Allah,
mesthi uripmu bakal begja. Nanging yèn
kowé wangkal bakal ditumpes.
15 Wong miskin kuwi tanpa daya
ngadhepi penggedhé sing duraka, sebab
pangwasa mau presasat singa nggero
golèk memangsan.
16 Penggedhé sing ora wicaksana kuwi
wataké ambek siya. Sing sapa sengit
marang piala lestari pangwasané.

17 Sing sapa matèni wong kuwi
ndhudhuk kuburé dhéwé kanthi
rerikatan, mulané aja kokcegah!
18 Sing sapa temen lakuné bakal
kapitulungan, nanging sing sapa ora
temen ora kenyana-nyana bakal tiba
kejrungup.
19 Wong tani sing pethel ing gawé bakal
ora kekurangan pangan, nanging wong
sing ora nggemèni wektu bakal tiba ing
kemlaratan.
20 Wong sing jujur uripé binerkahan,
nanging sing ngaya kepéngin énggal-
énggal sugih nyiksa awaké dhéwé.
21 Pilih kasih kuwi ora prayoga,
éwasemono ana wong sing gelem
nglakoni piala mung merga pangan
saemplokan.
22 Wong drengki kuwi ngaya kepéngin
dadi sugih, nanging ora nyana yèn bisa
ketekan kemlaratan.
23 Sing sapa melèhaké wong kuwi
wekasané luwih ditresnani tinimbang
karo wong sing ngolor.
24 Sing sapa nyolong barangé bapa lan
biyungé, mangka nganggep kuwi ora
salah, padha karo wong ngrampog.

25 Wong watak mélikan kuwi njalari
tukar-padu, nanging sing sapa precaya
marang Allah kalubèran berkah.
26 Sing sapa ngendelaké atiné dhéwé
kuwi wong tanpa budi, nanging sing
lakuné kalawan kawicaksanan oncat
saka bilai.
27 Sing sapa wèwèh marang wong
miskin, bakal ora nandhang kacupetan,
nanging sing ngeremaké mripaté kanggo
wong miskin, bakal kena ing ipat-ipat.
28 Samasa wong duraka olèh pangwasa,
wong-wong padha umpetan, nanging
yèn wong mau ditumpes, wong mursid
genti nyekel pangwasa.

29 1 Sing sapa saben diwelèhaké
mangkotaké atiné, bakal dirusak
dadakan, nganti ora kena didandani
menèh.
2 Pangwasa sing adil gawé bungahé
rakyat, nanging yèn sing nyekel
pangwasa wong duraka, rakyaté
sambat-sambat.
3 Sing sapa rumaket ing kawicaksanan
ndadèkaké bungahé bapakné, nanging
sing sapa sesrawungan karo sundel,
ngebrèh-ebrèh kasugihané.

4 Raja nyentosakaké negara srana
nindakaké keadilan, nanging sing narik
pajeg kakèhen gawé ambruké negara.
5 Sing sapa dhemen ngalem pepadhané,
kuwi masang jiret ing sikilé dhéwé.
6 Wong ala kejiret déning pialané
dhéwé, nanging wong temen uripé bébas
lan bungah.
7 Wong becik kuwi ngurmati wewenangé
wong miskin, nanging wong ala ora mikir
tekan semono.
8 Wong sing ora maèlu kepentingané
pepadhané kuwi gawé gègèré negara,
nanging wong wicaksana nyirep
huru-hara.
9 Yèn wong wicaksana prekaran karo
wong sing tanpa pikir, wong sing tanpa
pikir mau bakal nggeguyu, omongané
seru lan ngawur.
10 Wong ambek siya kuwi sengit karo
wong temen, nanging wong mursid
ngayomi uripé wong temen.
11 Wong tanpa pikir ngumbar nepsuné
sakatogé, nanging wong wicaksana
sabar lan ngendhalèni rasaning atiné.
12 Yèn wong sing nyekel pangwasa
seneng karo laporan palsu, punggawané
kabèh bakal seneng goroh.

13 Wong miskin lan wong ambek siya
kuwi Gusti Allah sing paring mripat
marang karo-karoné.
14 Raja sing tumindak adil marang wong
miskin pepréntahané bakal lestari suwé.
15 Gitik lan pitutur kuwi ngolèhaké
kawicaksanan, nanging bocah ugungan
gawé wirangé ibuné.
16 Yèn saya akèh wong ala sing nyekel
pangwasa, kadursilan bakal mundhak
akèh. Wong mursid bakal lestari urip lan
nyipati ambruké wong-wong mau.
17 Anakmu perdinen, mesthi bakal
ndadèkaké ayemé atimu, malah awèh
kabungahan marang kowé.
18 Bangsa sing ora katuntun déning
wangsité Allah dadi wong urakan. Begja
wong sing netepi pepakoné Allah.
19 Batur aja mung diperdi nganggo
tembung thok, sebab senajan ngerti,
wong mau ora bakal nggatèkaké.
20 Wong sing gunemé tanpa dipikir kuwi
luwih asor tinimbang wong sing tanpa
pikiran.
21 Batur yèn cilik mula diugung,
wekasané bakal ngrampas barang-
darbèkmu kabèh.

22 Wong sing cepak nepsuné nekakaké
tukar-padu lan huru-hara.
23 Sing sapa gemedhé ndadèkaké
awaké ora kajèn, nanging sing wataké
andhap-asor bakal diluhuraké.
24 Sing sapa nampani panduman saka
maling, kuwi ora ngéman awaké dhéwé.
Yèn wong mau gelem ngaku ana ing
pengadilan, bakal diukum negara,
nanging yèn ora ngaku diukum déning
Allah.
25 Wedi marang manungsa ora
nylametaké, nanging sing sapa
kumandel marang Allah kareksa kalawan
sentosa.
26 Akèh wong sing ngudi supaya olèh
sih saka penggedhé, nanging mung Allah
kang bisa paring keadilan.
27 Wong mursid sengit marang
penggawéné wong duraka, lan wong
duraka sengit marang wong mursid.

30 1 Pangandikané Agur bin Yaké,
menawa ana wong sing ngucap
mengkéné, "Gusti Allah ora nunggil karo
aku, Gusti Allah ora nunggil karo aku,
mula semplah atiku."

2 Aku iki luwih ngèmperi kéwan
tinimbang manungsa, aku ora duwé akal
budi kaya lumrahé manungsa.
3 Aku ora tau nggegulang kawicaksanan,
lan ora duwé kawruh bab Allah babar-
pisan.
4 Sapa sing duwé kawruh kaswargan?
Sapa sing tau nggegem angin ana ing
tangané? Sapa sing tau mbuntel banyu
ana ing jubahé? Sapa sing nemtokaké
wates-watesé bumi? Kuwi jenengé sapa?
Lan sapa jenengé anaké? Kowé rak
weruh?
5 Gusti Allah netepi sakèhé janjiné.
Panjenengané dadi tetamèngé wong sing
kumandel marang Panjenengané.
6 Aja nambahi marang pangandikané,
supaya kowé aja diukum lan ketemu
goroh.
7 Dhuh Allah, kalih prekawis ingkang
kawula suwun, mugi sampun Paduka
tampik, mugi kaparingana sadèrèngipun
kawula pejah, inggih menika:
8 Kawula katebihna saking wicanten
goroh, menapa malih sampun Paduka
ganjar kemlaratan utawi kasugihan,
nanging kaparingana rejeki sacekapipun
kémawon;

9 supados menawi kawula ketuwuken
sampun ngantos nyélaki Paduka kaliyan
mungel, "Gusti Allah kuwi sapa?,"
utawi menawi kawula miskin, kawula
lajeng purun nyolong, lan damel wirang
Asmanipun Allah kawula.
10 Aja madulaké batur ana ing ngarepé
bendarané, supaya batur mau aja nganti
nyupatani kowé, sarta kowé kanggep
luput.
11 Ana sawenèhing wong sing nyupatani
bapakné lan ora nyuwunaké berkah
kanggo ibuné.
12 Ana sawenèhing wong sing ngalem
awaké dhéwé yèn resik, mangka nyatané
kotoré ora karu-karuwan.
13 Ana wong sing rumangsa becik, ora
ana tandhingé.
14 Ana sawenèhing wong sing tegel
meres wong miskin; mengkono carané
golèk kauntungan.
15 Lintah duwé anak wadon loro,
karo-karoné dijenengaké: "Aku njaluk!"
Ana patang prekara sing ora tau wareg
lan kandha, "Cukup!," yakuwi:
16 donyané wong mati, wong wadon
sing gabug, lemah garing sing butuh
udan, lan geni sing ora kena disirep.

17 Sing sapa ngala-ala bapakné lan
ngrèmèhaké ibuné sing wis tuwa,
beciké dipakakaké manuk gagak, utawa
karebèn dimangsa manuk beri.
18 Ana patang prekara kang samar
tumraping aku, yakuwi:
19 patrapé manuk garudha nemu dalané
ing awang-awang, lakuné ula sing nlosor
ana ing parang, lakuné prau ana ing
tengahé samodra, lan wong lanang
utawa wadon enggoné nemu jodhoné.
20 Penggawéné wong wadon sing
laku bédhang kuwi mengkéné: Sawisé
nglakoni bédhang, banjur adus lan muni,
"Aku ora nglakoni piala apa-apa!"
21 Ana patang prekara sing ora ditampa
becik déning masarakat, yakuwi:
22 batur sing dadi raja, wong tanpa pikir
sing keturutan mangan apa waé sing
disenengi,
23 wong wadon tampikan sing olèh
bojo, lan batur wadon sing nglèngsèr
kalenggahané bendarané putri.
24 Ing donya ana kéwan papat sing
senajan cilik, nanging pinter banget,
yakuwi:
25 semut, kéwan sing ringkih, nanging
sajroné mangsa panas nandho pangané,

26 wedhus gunung, kéwan sing ora
rosa, nanging gawé omahé ana ing
parang-parang,
27 walang, kéwan sing ora duwé raja,
nanging bisa nglurug tekan endi-endi
gegolongan,
28 cecak, kéwan sing kena dicekel
nganggo tangan, nanging iya ketemu
ana ing dalemé raja-raja.
29 Ana patang prekara kang gagah
lakuné, yakuwi:
30 singa, kéwan sing rosa dhéwé ing
antarané para kéwan, lan ora duwé wedi
marang sapa waé,
31 wedhus lanang, jago sing njangkah
kalawan angkuh, raja-raja menawa
pinuju ing ngarepé kawulané.
32 Yèn kowé merga saka bodhomu
ngegungaké awakmu dhéwé lan
ngrancang piala, menenga lan rasak-
rasakna dhisik!
33 Sebab susu yèn diudhek dadi
mertéga; yèn irung diantem metu
getihé. Sing sapa gawé nepsuné wong,
gawé dhadhakan kerengan.

31 1 Iki pitutur kanggo Lemuèl, raja
ing Masa, saka ibuné.

2 Hé anakku, anak kang daklairaké,
wohing pandongaku. Mengkéné
pituturku,
3 "Kekuwatanmu aja kokentèkaké
kanggo laku jina lan bandhamu aja
koktanjakaké kanggo nguja wong wadon
sing ngrusak para raja.
4 Rungokna Lemuèl, kanggoné raja ora
pantes yèn ngombé anggur utawa karem
minuman keras.
5 Sebab yèn ngombé kowé bakal
nyepèlèkaké prenatan lan prekarané
wong cilik.
6 Minuman keras kuwi kanggo wong
sing arep nemu karusakan, lan anggur
kanggo wong sing lagi nandhang
kasusahan.
7 Wong-wong kuwi karebèn ngombé
supaya lali karo kemlaratané lan
kasusahané.
8 Bélanana prekarané wong-wong sing
ora bisa mbélani prekarané dhéwé;
tanggungen prekarané wong-wong sing
katindhes.
9 Bukaken lambému lan gawéa putusan
sing adil. Ayomana haké wong mlarat
lan wong sing papa nistha."

10 Golèk rabi sing wicaksana kuwi ora
gampang. Rabi sing mengkono mau
ajiné ngungkuli mutiara.
11 Wong wadon sing mengkono dadi
andel-andelé sing lanang, sing lanang
bakal ora tumiba ing kemlaratan.
12 Sajegé urip gawé becik marang sing
lanang, ora tau natoni atiné.
13 Rabi mau sregep ngantih wulu
wedhus gèmbèl lan serat rami, katenun
kagawé sandhangan léna alus.
14 Wong mau padha kaya prau sing
lelayaran menyang negara adoh, bali
nggawa pangan.
15 Saben ésuk sadurungé byar wis
tangi masak pangan kanggo brayaté,
lan ngedum pegawéan marang para
réwangé.
16 Wong mau golèk palemahan
sing disenengi, banjur dituku lan
ditanduri anggur; ragadé dibayar saka
olèh-olèhané gawéané tangané.
17 Wong mau ora nampik gawéan, rosa,
sregep lan trampil.
18 Ngerti yèn paéguhé mau nekakaké
kauntungan, wong mau enggoné
nyambut-gawé nganti wengi.

[19] Sandhanganè ditenun saka benang
olèhé ngantih dhéwé.
[20] Loma marang wong miskin lan
demen tetulung marang wong sing butuh
pitulungan.
[21] Senajan mangsa adhem, ora
bingung, jalaran brayaté padha nganggo
klambi anget kabèh.
[22] Peturoné dislèmèki babut lan
sandhanganè saka léna alus wungu.
[23] Sing lanang jenengé kesuwur, dadi
salah sawijiné pemimpin ing panggonan
kono.
[24] Wong wadon mau nggawèni
sandhangan lan sabuk diedol marang
para sudagar.
[25] Gedhé kawibawané lan kajèn-
kéringan, ora samar ngadhepi dina
mbésuk.
[26] Tembungé merak ati lan kebak
kawicaksanan.
[27] Wongé ora tau lèrèn, tansah sibuk
ngurusi kebutuhané brayaté.
[28] Anak-anaké padha ngajèni lan bojoné
ora entèk-entèk pengalemé marang
wong mau.
[29] Tembungé, "Akèh wong wadon sing
becik, nanging kowé kuwi meksa sing

becik dhéwé ing antarané wong kabèh
mau."
30 Éndahing pawakan lan ayuné rupa
bakal ilang, nanging wong wadon
sing ngabekti marang Allah bakal
kaalembana.
31 Wong sing mengkono mau wajib olèh
hasiling panyambut-gawéné lan pantes
diurmati déning saben wong.

Pengkhotbah

1 [1] Iki pangandikané Juru Khotbah,
raja ing Yérusalèm, putrané Dawud.
[2] Tanpa guna, tanpa guna, mengkono
pangandikané Juru Khotbah. Tanpa guna
banget, samubarang kabèh tanpa guna.
[3] Apa gunané manungsa nanjakaké
uripé kanggo nyambut-gawé ana ing
donya?
[4] Turunan sing siji lunga, turunan
sijiné teka, nanging bumi tetep waé ora
owah-owah.
[5] Srengéngé mlethèk, srengéngé
surup, banjur énggal-énggal marani
panggonané mlethèk menèh.
[6] Angin midid saka Kidul, nuli minger
midid saka Lor, tansah mingar-minger,
bola-bali.
[7] Kali kabèh padha anjog ing segara,
éwadéné segara ora dadi kebak;
menyang ngendi parané ilining kali, ya
mrono selawasé.
[8] Kabèh mau mboseni, saking bangeté
nganti ora kena dikandhakaké nganggo
tembung. Mripat ora tau wareg

ndedeleng, lan kuping ora wareg-wareg
enggoné ngrungokaké.
9 Kabèh sing biyèn wis ana bakal ana
menèh, lan apa sing biyèn wis kelakon
bakal kelakon menèh. Ora ana barang
anyar ing bumi kéné.
10 Apa ana wong muni, "Delengen, iki
barang anyar!" Ora, sebab barang kuwi
biyèn ya wis ana, suwé sadurungé kita
lair.
11 Ora ana wong sing kèlingan lelakon-
lelakon dhèk jaman kuna, lan iya ora ana
wong sing bakal ngerti apa sing bakal
kelakon ing antarané dina iki lan sésuk.
12 Aku, Juru Khotbah, dadi raja ing
Israèl; kedhatonku ana ing Yérusalèm.
13 Atiku kenceng arep nliti lan nyinau
samubarang sing kelakon ana ing donya.
Kuwi nasib kita saka kersané Allah.
14 Aku wis nitèni sakèhé lelakon sing
ana ing donya kéné. Kabèh ketemuné
tanpa guna, ora béda karo mburu angin.
15 Sing béngkong ora kena
dilencengaké, sing ora ana ora
kena diétung.
16 Aku kandha ing sajroning ati, "Aku iki
wis dadi wong gedhé, luwih wicaksana
tinimbang sapa waé sing tau dadi raja

ing Yérusalèm sadurungé aku. Aku ngerti
tegesé kawicaksanan lan pangertèn ing
sejatiné."
17 Aku kudu bisa mbédakaké kawruh
lan kabodhoan, kawicaksanan lan tanpa
budi. Nanging aku banjur rumangsa yèn
prekara mau uga ora béda karo mburu
angin.
18 Awit saya wicaksana, saya akèh
prekara sing dikuwatiraké, lan saya akèh
kawruhé wong, saya akèh prihatiné.

2 1 Ing batin aku muni mengkéné, "Aku
daknyoba nyeneng-nyenengaké ati.
Urip mukti wibawa kuwi rasané kepriyé!
Nanging ketitik yèn iya tanpa guna."
2 Miturut panemuku, "Wong ngguyu
kuwi kliru, lan wong seneng apa
gunané?"
3 Merga saka kepéngin olèh
kawicaksanan, aku nyoba gawé
bungahing atiku srana ngombé anggur
lan seneng-seneng. Gagasanku:
mesthiné mengkéné iki carané wong
nanjakaké uripé sing mung sedhéla ana
ing donya iki.
4 Aku banjur miwiti pegawéan sing
hébat. Aku yasa omah akèh, lan gawé
pakebonan anggur.

5 Aku yasa petamanan lan kebon
wowohan akèh, sing metokaké wowohan
werna-werna.
6 Aku gawé blumbang dakenggo ngilèni
pakebonan mau.
7 Aku tuku batur akèh, lan akèh sing
padha lair ana ing omahku. Raja-kayaku
luwih akèh ketimbang karo duwèké sapa
waé sing tau manggon ing Yérusalèm.
8 Aku iya nglumpukaké slaka lan emas
sing daktampa saka para raja ing
negaraku. Aku duwé penyanyi akèh,
lanang lan wadon, sing padha menyanyi
kanggo nglejaraké atiku. Kejaba kuwi
aku bisa golèk selir pira waé sing
dakkarepaké.
9 Aku dadi wong gedhé, ngungkuli
sapa waé sing tau manggon ing
Yérusalèm sadurungé aku, lan sajroné
kuwi mau kabèh aku ora tau lali karo
kawicaksananku.
10 Aku kena nglakoni apa waé sing
dakkarepaké. Ora ana kasenengan sing
dakcegah. Atiku mongkog ndeleng asilé
pegawéan lan kangèlanku.
11 Bareng aku nliti sakèhé pegawéan
sing wis daklakoni kanthi ngrekasa,

ketitik yèn kuwi mau kabèh tanpa guna.
Ora béda karo mburu angin.
12 Jebul raja iya mung bisa nindakaké
apa sing tau ditindakaké déning raja
sadurungé. Aku banjur wiwit nggatèkaké
wong sing wicaksana, wong sembrana
lan wong tanpa budi.
13 Aku banjur weruh: "Yèn
kawicaksanan kuwi luwih becik tinimbang
kabodhoan, ya kaya pepadhang enggoné
luwih becik ketimbang karo pepeteng.
14 Wong wicaksana ngerti apa sing
dikarepaké, nanging wong bodho ora
ngerti." Nanging aku ya ngerti yèn
nasibé karo-karoné padha.
15 Aku banjur rumangsa, "Yèn nasibku
padha waé karo nasibé wong bodho. Yèn
mengkono apa paédahé aku biyèn ngudi
supaya dadi wong wicaksana. Ora ana
paédahé. Sethithik waé ora ana."
16 Sebab wonga wicaksana, wonga
gemblung ora ana sing diélingi ing
selawasé. Karo-karoné mbésuk bakal
kalalèkaké. Kabèh wong ngalami
mati, iya sing wicaksana, utawa sing
gemblung.
17 Dadi tumraping aku urip kuwi ora
ana paédahé, sebab samubarang sing

dakalami sajroning urip mung gawé
susahé atiku. Kabèh mau tanpa guna,
padha karo mburu angin.
18 Ora ana asiling pegawéanku utawa
olèh-olèhané kangèlanku sing maédahi
marang aku, merga aku ngerti yèn kuwi
kabèh mesthi daktinggalaké marang
wong sapungkurku.
19 Bisa uga wong kuwi wicaksana, bisa
uga wong gemblung, aku ora ngerti.
Éwasemono wong mau bakal nduwèni
samubarang pametuné kangèlanku lan
samubarang hasiling kawicaksananku
selawasé aku urip ing donya kéné. Dadi
kabèh mau ora ana paédahé.
20 Mula aku gela ing ngatasé sakèhé
kangèlan sing wis daklakoni sajegé
uripku ing donya kéné.
21 Sebab aku sing kangèlan nyambut-
gawé kanthi kawicaksanan, kawruh
lan ketrampilan, nanging asilé kudu
daktinggalaké wong sing babar-pisan
ora tau nglakoni apa-apa. Mulané kuwi
kabèh tanpa guna lan cilaka gedhé.
22 Apa olèh-olèhané manungsa
saka kangèlané ing donya lan saka
pangarahing atiné.

23 Déné uripé kebak kasusahan,
lan enggoné nyambut-gawé kebak
karibedan, malah yèn bengi atiné ora
tentrem, kuwi kabèh rak tanpa guna.
24 Sing dadi kabegjané wong ora
ana kejaba menawa mangan lan
ngombé, sarta ngrasakaké olèh-olèhané
kangèlané. Nanging aku rumangsa yèn
kuwi pinangkané saka ing astané Allah.
25 Sebab sapa bisa mangan lan nikmati
barang sing ora saka peparingé Allah?
26 Sebab Allah piyambak sing paring
kawicaksanan lan kawruh sarta
kabungahan marang wong sing dikasihi,
nanging wong dosa dikersakaké
nyambut-gawé ngethiyel nglumpukaké
lan nenandho barang-barang sing arep
diparingaké marang wong sing dikasihi
Allah. Kuwi rak ya tanpa guna lan padha
karo mburu angin.

3 1 Samubarang kabèh sing kelakon
ing donya iki kelakoné ing wektu sing
katetepaké déning Allah.
2 Panjenengané sing netepaké wektuné
wong nandur lan wektuné wong mbedhol
tanduran mau.
3 Wektuné wong matèni lan wektuné
wong marasaké; wektuné wong

ngrubuhaké lan wektuné wong
mbangun.
4 Panjenengané sing netepaké
mangsané nandhang susah lan
mangsané bungah-bungah; mangsané
sesambat lan mangsané jejogèdan.
5 Mangsané mbangun tresna, lan
mangsané pepisahan; mangsané
rerangkulan lan mangsané ngeculaké
rangkulan.
6 Panjenengané netepaké mangsané
golèk lan mangsané kélangan; mangsané
nyèlèngi lan mangsané mbuwang.
7 Ana mangsané nyuwèk lan ana
mangsané ndondomi; ana mangsané
meneng lan ana mangsané guneman.
8 Panjenengané netepaké mangsané
nresnani lan mangsané nyengiti;
mangsané perang lan mangsané rukun.
9 Wong sing nyambut-gawé olèh hasil
apa saka kangèlané?
10 Aku wis nitèni momotan abot sing
diparingaké Allah marang kita.
11 Panjenengané nitahaké samubarang
kang becik ing wektu sing ditetepaké,
malah ndunungaké urip langgeng
ing atiné manungsa, nanging wong

ora diparingi kawruh kanggo njajagi
pakaryané Allah sasampurnané.
12 Dadi sing apik dhéwé kanggoné
manungsa kuwi yèn bisa urip kanthi
seneng lan gawé becik selawasé isih
urip.
13 Kita kabèh kudu padha mangan lan
ngombé sarta ngrasakaké kanikmataning
pametuné olèhé nyambut-gawé. Kuwi
kabèh ganjaran peparingé Allah.
14 Aku ngerti yèn apa sing ditindakaké
Allah kuwi langgeng selawasé, ora kena
ditambahi lan ora kena dielongi, mangka
enggoné mengkono mau supaya wong
padha wedia marang Panjenengané.
15 Apa sing saiki ana kuwi biyèn wis
ana, lan apa sing mbésuk bakal ana,
ing mauné iya wis ana. Apa sing biyèn
ana dianakaké menèh déning Allah,
mengkono saterusé.
16 Kejaba kuwi aku wis nitèni, yèn ing
donya kéné panggonan sing mesthiné
dadi papané keadilan, malah ora ana
keadilan.
17 Osiké atiku mengkéné, "Gusti Allah
bakal ngadili wong mursid lan wong ala
tanpa mbédak-mbédakaké, merga saben

prekara lan saben penggawé padha
katemtokaké mangsané."
18 Manut panemuku, kita kabèh padha
didadar déning Allah, kanggo nélakaké
yèn satemené kita iki ora luwih becik
tinimbang kéwan.
19 Dikapak-kapakna nasibé manungsa
ora béda karo nasibé kéwan. Loro-loroné
padha ngalami mati. Sakaro-karoné
padha kaparingan urip. Manungsa ora
luwih unggul tinimbang kéwan, sebab
samubarang kabèh kuwi tanpa guna.
20 Sakaroné bali dadi lebu.
21 Sapa ta sing weruh yèn nyawané
manungsa munggah menyang swarga
lan nyawané kéwan medhun menyang
sangisoré bumi?
22 Miturut panemuku sing apik dhéwé
kanggoné manungsa yakuwi menawa
wong mau kalawan bungah ngrasakaké
kanikmatan saka hasiling pegawéané.
Liyané kuwi kita ora bisa apa-apa. Sebab
sapa sing bisa awèh weruh apa sing
bakal kelakon sawisé kita mati?
4 1 Aku banjur nitèni lelakon-lelakon
sing ora adil ana ing donya. Wong
sing katindhes padha nangis, nanging
ora ana sing nulungi. Ora ana sing

nulung, merga wong sing nindhes padha
duwé pangwasa.
2 Mulané aku ngarani wong sing wis
mati suwé kuwi luwih begja tinimbang
wong sing saiki isih urip,
3 nanging luwih begja menèh tinimbang
wong-wong mau kabèh, wong sing
durung tau dilairaké, merga wong kuwi
ora tau nyipati panyia-nyia sing kelakon
ana ing donya iki.
4 Aku iya nitèni wong padha nyambut-
gawé abot, kepéngin olèh gawé, merga
mèri karo kancané. Nanging kuwi iya
tanpa guna lan padha karo mburu angin.
5 Ana sing muni mengkéné, "Wong sing
mung sedhakep waé kuwi bakal mati
kaliren."
6 Bisa uga mengkono. Nanging luwih
becik duwé barang sethithik kalawan ati
tentrem, ketimbang tangan loro kanggo
mburu angin.
7 Aku iya weruh prekara liyané menèh
sing tanpa guna ing donya iki.
8 Ana wong sing urip ijèn. Ora
duwé anak lanang, lan ora duwé
sedulur lanang. Éwasemono wong
mau nyambut-gawé sakatogé, durung
marem karo kasugihané. Wong kuwi

nyambut-gawé kanggo sapa, lan apa
paédahé gawé rekasa awaké, nyingkiri
kepénaké awak? Apa kuwi ora tanpa
guna lan nyiksa awak?
9 Becik wong loro bebarengan
ketimbang ijèn, sebab wong loro sing
bebarengan asilé nyambut-gawé luwih
akèh.
10 Yèn salah siji tiba, sijiné bisa
nangèkaké. Nanging wong sing ijèn, yèn
tiba, ora ana sing nulungi.
11 Mengkono uga wong loro menawa
bebarengan turu, awaké padha dadi
anget, nanging wong ijèn bisané anget
kepriyé?
12 Wong loro wani nglawan samasa
dirodha-peksa, nanging wong ijèn ora
wani. Tali sing tamparé telu ora gampang
pedhot.
13 Luwih becik nonoman miskin
sing wicaksana, ketimbang karo raja
tuwa sing gemblung, sing ora kena
dikandhani.
14 Sebab nonoman sing dikunjara
déning raja mau sametuné saka kunjara
banjur dadi raja.
15 Aku mikir-mikir bab wong-wong
sing padha urip ing donya iki. Manut

panemuku wong akèh mau padha rujuk
karo nonoman sing kepéngin nggentèni
raja tuwa kuwi.
16 Tanpa wilangan cacahé kawulané,
nanging yèn raja sing kèri mau iya séda,
ora ana wong sing ngaturaké panuwun
marang lelabeté. Kuwi kabèh tanpa
guna, lan padha waé karo mburu angin.
5 1 (4-17) Sing ngati-ati menawa
kowé sowan ing Pedalemané Allah.
Luwih becik ana ing kana nyedhak karo
ngrungokaké, ketimbang karo saos
kurban kaya patrapé wong gemblung,
sing ora bisa mbédakaké ala lan becik.
2 (5-1) Pikiren dhisik sadurungé
kumecap. Lan aja kesusu janji apa-apa
marang Gusti Allah. Panjenengané ana
ing swarga, mangka kowé ana ing bumi,
mulané aja ngucapaké tembung luwih
saka mesthiné.
3 (5-2) Saya akèh prekara sing
kokkuwatiraké, saya gampang olèhmu
impèn ala, ora béda karo kakèhan
omong marakaké gawé kaluputan.
4 (5-3) Dadi yèn kowé ngaturaké kaul
marang Allah, énggal-énggal luwarana.
Sebab Gusti Allah ora rena karo wong
tanpa pikiran.

5 (5-4) Luwih becik ora ngunjukaké
punagi,[a] ketimbang karo nglairaké ujar
mangka ora kokluwari.
6 (5-5) Aja ngucapaké tembung sing
bisa dadi dhadhakan kowé tumiba ing
dosa, supaya aja nganti kowé kepeksa
matur ing ngarsané imam yèn kowé
klèru. Srana mengkono kowé mung
njalari paukumané Allah waé, mula
Panjenengané bakal ngrusak pegawéané
tanganmu.
7 (5-6) Senajan kowé kerep ngimpi
lan akèh penggawé tanpa guna sing
koklakoni, sarta tembung muspra sing
kokucapaké, nanging saprekara sing
prelu: kowé wedia marang Allah.
8 (5-7) Aja gumun menawa kowé weruh
pangwasa nindhes wong miskin lan
ngrebut wewenangé ana ing pengadilan.
Saben pegawé kuwi diayomi déning sing
mbawahaké, lan loro-loroné diayomi
déning penggedhé sing luwih dhuwur
menèh pangkaté.
9 (5-8) Senajan raja pisan kuwi uripé
gumantung saka asilé panèn.
10 (5-9) Sing sapa karem dhuwit ora
bakal marem karo enggoné golèk

---

[a]punagi: ujar, kaul.

dhuwit. Sing sapa karem bandha
ora bakal ketutugan apa sing dadi
pepénginané atiné. Kuwi iya tanpa guna.
11 (5-10) Yèn kasugihanmu tambah, iya
tambah cacahé wong sing ngentèkaké.
Kowé olèh hasil apa kejaba enggonmu
disebut wong sugih.
12 (5-11) Wong glidhig kuwi akèha
sethithika sing dipangan, enggoné turu
kepénak, nanging wong sugih ora bisa
turu merga barang-darbèké akèh lan
akèh sing dikuwatiraké.
13 (5-12) Ana prekara nyedhihaké
sing daksipati ing donya kéné, yakuwi
wong sing numpuk bandha, nanging
nyebabaké cilakané dhéwé.
14 (5-13) Wong mau ngalami kapitunan
nganti bandhané entèk gusis, temah ora
ana kekarèné sing diwarisaké marang
anak-anaké.
15 (5-14) Kaya nalika metu saka
wetengé ibuné, iya mengkono enggoné
bakal lunga kalawan wuda, padha waé
karo lairé, sarta ora olèh apa-apa saka
kangèlané sing bakal diwarisaké.
16 (5-15) Kuwi rak ya tanpa guna lan
gawé gelaning ati, déné enggon kita
ninggal donya iki ora nggawa apa-apa,

padha karo dhèk kita teka. Saka hasilé
kangèlan kita, kita ora bisa nggawa
apa-apa. Kuwi rak ya padha karo mburu
angin.
17 (5-16) Sajegé urip kita padha ana ing
pepeteng, nandhang kasusahan, atiné
kebak sumelang karo jèngkèl.
18 (5-17) Aku banjur duwé panemu
mengkéné: sing becik kanggoné
manungsa yakuwi mangan lan ngombé
sarta nikmati asilé kangèlané sajroné
isih kaparingan urip sing mung cendhak
iki. Kuwi wis dadi pandumané.
19 (5-18) Menawa Gusti Allah
paring kasugihan lan bandha akèh,
sarta marengaké kita ngrasakaké
kanikmatané peparing mau, kita wajib
padha saos panuwun lan bungah déné
bisa ngrasakaké hasiling kangèlan kita.
Kuwi ganjaran peparingé Allah.
20 (5-19) Sarèhné diparingi urip nampa
kabegjan, wong mengkono mau ora
prelu sumelang bab dawa lan cendhaking
umuré.

6 1 Aku nitèni yèn ing donya kéné akèh
lelakon sing ora adil.
2 Kayata: ana wong sing kaparingan
kasugihan lan kaurmatan, nganti ora

kekurangan apa sing dadi kasenengané
atiné, éwadéné Allah ora marengaké
wong kuwi nganggo barang-darbèké
mau, nanging wong liya sing nganggo.
Kuwi rak tanpa guna lan gawé perihing
ati.
3 Saupama ana wong sing duwé anak
satus lan kaparingan umur dawa banget,
nanging yèn wong mau ora ngrasakaké
kanikmatané urip lan nalika matiné ora
dikubur nganggo upacara, aku ngarani
bayi sing metu kluron luwih kepénak
ketimbang wong mau,
4 sebab bayi sing lair kluron mau ilang
sajroning pepeteng, banjur dilalèkaké.
5 Bayi mau durung tau weruh
padhanging raina, lan durung ngerti urip
kuwi apa. Nanging loro-loroné wis olèh
pengasoan,
6 dadi luwih kepénak ketimbang
karo wong sing ora tau ngrasakaké
kanikmatané urip mau, senajan dhèwèké
umuré nyandhak rong èwu taun. Bayi
sing metu kluron lan wong tuwa mau
wekasané papan sing diparani padha.
7 Manungsa enggoné nyambut-gawé
kalawan ngrekasa rak merga golèk

pangan, mangka pepénginané mau ora
ketutugan.
8 Wong wicaksana apa luwih kepénak
ketimbang karo wong gemblung? Lan
apa gunané wong mlarat ngerti maknané
urip?
9 Kuwi kabèh rak tanpa guna, padha
karo mburu angin. Luwih becik nikmati
barang sing wis diduwèni, ketimbang
nganti-anti barang sing durung karuwan
ditampa.
10 Samubarang sing kelakon kuwi wis
lawas enggoné katetepaké, lan kita
ngerti yèn ora ana gunané padu karo
wong sing luwih gedhé pangwasané.
11 Saya nemen enggonmu prekaran
saya tanpa guna, mangka wekasané
kowé ora olèh apa-apa.
12 Sapa sing ngerti apa sing becik
dhéwé kanggo manungsa sajroning uripé
sing cendhak lan tanpa guna iki? Urip
sing mung kaya ayang-ayangan liwat?
Sapa sing weruh apa sing bakal kelakon
sapungkuré?

7 1 Jeneng sing kesuwur becik, kuwi
ajiné ngungkuli lenga wangi sing
larang regané. Lan dina matiné wong

kuwi luwih becik ketimbang karo dina
lairé.
2 Layat ing panggonané wong mati kuwi
luwih becik ketimbang nekani pésta,
sebab wong urip rak selawasé ngélingaké
awaké dhéwé yèn mbésuk bakal mati.
3 Becik prihatin ketimbang gumuyu.
Pancèn raimu katon sedhih, nanging
budimu olèh pangertèn.
4 Wong tanpa budi kuwi sing dipikir
mung bab kasenengan, wong wicaksana
sing dipikir bab ajalé.
5 Pilih ngrungokaké pamelèhé wong
wicaksana, ketimbang dialem déning
wong tanpa budi.
6 Guyuné wong tanpa pikiran kuwi kaya
kumrètèké eri sing kobong, sing ora ana
paédahé babar-pisan.
7 Wong wicaksana sing nindhes
pepadhané dadi tanpa budi; nyogok
ngrusak budiné wong.
8 Wekasané prekara luwih becik
ketimbang karo wiwitané. Sabar sarèh
luwih becik ketimbang gemunggung.
9 Aja cepak nepsu; wong tanpa pikiran
kuwi senengé ngendhem nepsu.
10 Aja muni, "Kaananané jaman biyèn
luwih becik ketimbang karo saiki."

Pangucap sing mengkono kuwi nélakaké
yèn kowé dudu wong pinter.
11 Wong urip ing donya kudu wicaksana;
nduwèni kawicaksanan mono beciké
padha kaya nampani warisan,
12 merga kawicaksanan kuwi awèh
pengayoman, ora béda karo kasugihan.
Kawicaksanan ngreksa uripé wong kuwi
dhéwé.
13 Nitènana pakaryané Allah, apa ana
wong sing bisa nglencengaké barang
sing dititahaké béngkong déning Allah?
14 Ing mangsané ngalami kabegjan,
bungah utawa nandhang karubedan,
élinga yèn kabegjan lan karubedan kuwi
sekaroné Allah kang nitahaké. Kowé ora
ngerti apa sing bakal kelakon ing tembé.
15 Akèh prekara sing daktitèni sajroning
uripku sing tanpa guna iki. Kayata: Ana
wong mursid sing mati ndhisik, mangka
ana wong ala sing lestari urip.
16 Mulané aja kemursiden lan aja
keminter, sebab srana mengkono kowé
gawé susahé awakmu dhéwé.
17 Aja keladuk durakamu lan aja
kebangeten enggonmu tanpa budi.
Sekaroné njalari kowé mati sadurungé
wektuné.

18 Mulané loro-loroné singkirana.
Cekaké pangibadah marang Allah kuwi
dalaning kabegjan.
19 Kawicaksanan mono paédahé kanggo
sing duwé, luwih gedhé ketimbang karo
pangwasa sepuluh sing mréntah negara.
20 Ing donya kéné ora ana wong siji-sijia
sing mung gawé becik waé, lan ora tau
gawé dosa.
21 Aja ngopèni omongané saben wong,
supaya aja nganti krungu menawa
dipujèkaké ala déning baturmu,
22 mangka kowé mesthi rumangsa yèn
kowé dhéwé kerep nyatur alané wong
liya.
23 Kabèh kuwi wis daktliti kanthi
kawicaksanan. Aku pancèn kepéngin
banget dadi wong wicaksana, nanging
durung tau kelakon.
24 Sapa sing ngerti maknaning urip?
Tumraping kita kuwi prekara sing jero
banget, kejeron menawa arep dijajagi.
25 Aku mantep arep ngudi golèk
kawicaksanan lan wangsulan tumraping
pitakonan-pitakonan sing ana ing
atiku, semono uga kepéngin ngerti apa
satemené piala lan apa sing diarani
gemblung.

26 Aku banjur nemu prekara sing paité
ngluwihi pati, yakuwi wong wadon
sérong. Katresnan sing dilairaké marang
kowé kuwi jebulé kala-jiret utawa jaring,
lan lengen sing dienggo ngrangkul
kowé kuwi jebul ranté. Wong mursid
dioncataké déning Allah, nanging wong
dosa bakal kecandhak ing jaringé wong
wadon mau.
27 Pituturé Juru Khotbah mengkéné:
Sajroné ngentèni wangsulané prekara
mau aku saka sethithik nimbang-
nimbang sekabèhé,
28 supaya olèh kekenthelaning rembug,
nanging meksa ora olèh. Ing antarané
wong sèwu aku mung nemu wong lanang
siji sing pinunjul, nanging aku durung
nemu wong wadon siji waé sing kaya
ngono.
29 Nanging prekara siji iki sing daktemu,
yakuwi mengkéné: Manungsa katitahaké
jujur lan lugu, nanging manungsa dhéwé
gawé pokal pirang-pirang.

8 1 Mung wong wicaksana ngerti
maknaning prekara sing satemené.
Kawicaksanan njalari ulaté sing peteng
dadi sumèh.

2 Ngèstokna dhawuhé Sang Prabu,
merga kowé wis sumpah ing ngarsané
Allah. Aja kesusu nglairaké punagi ana
ing ngarsané Allah.
3 Sang Prabu bisa nindakaké apa waé
sakersané, mulané aja cedhak-cedhak
karo panjenengané. Ngedoha saka
panggonan sing mbebayani mau.
4 Sang Prabu tumindak nganggo
pangwasa; lan ora ana wong sing
wenang mbantah!
5 Yèn kowé ngèstokaké dhawuhé,
kowé bakal slamet; lan wong wicaksana
ngerti wektuné lan carané tumindak
mengkono.
6 Samubarang kabèh kuwi ana
mangsané lan ana carané sing cocog,
nanging kita kerep ora ngerti!
7 Kita ora ngerti apa sing bakal kelakon,
lan ora ana wong siji-sijia sing bisa awèh
weruh marang kita.
8 Ora ana wong sing bisa nyegah tekané
pati utawa nganyang dina ajalé. Kita
ora bisa lolos saka prekara mau senajan
srana patrap julig.
9 Bareng aku ngrasak-ngrasakaké
sakèhé lelakon ing donya iki, aku banjur
nitèni yèn ing donya kéné ana wong

sawetara sing duwé pangwasa lan
sawetara wong menèh sing nandhang
sengsara, merga panindhesé wong sing
duwé pangwasa mau.
10 Aku weruh ana wong ala sing
dipendhem lan ngaso ana ing kuburé,
nanging wong mursid padha ditundhung
saka panggonan suci lan dilalèkaké
déning wong-wong ing kuthané. Apa
sing mengkono kuwi ora tanpa guna?
11 Sarèhné piala ora énggal diukum,
akèh wong sing banjur kepéngin
nindakaké piala.
12 Senajan gawé piala kaping satus,
wong ala mau isih lestari urip.
Éwasemono aku duwé keyakinan
mengkéné: Sapa wong sing ngabekti
marang Allah kalawan wedi asih mesthi
padha nemu slamet.
13 Nanging wong duraka bakal ora
nemu keslametan. Uripé ora dawa,
mung kaya ayang-ayangan liwat, merga
ora ngèstokaké dhawuhing Allah. Jebul
keyakinanku mau ora cocog.
14 Delengen apa sing kelakon ana ing
donya. Kerep waé wong mursid ngalami
ngrekasa, lan wong duraka malah tampa

ganjaran sing mesthiné kanggo wong
mursid. Apa kuwi ora tanpa guna?
15 Mulané aku saiki yakin yèn manungsa
kudu ngepénakaké uripé srana mangan
lan ngombé, sebab mung kuwi sing
kena dirasakaké minangka pikolèhé
panyambut-gawéné sajroning urip sing
dadi peparingé Allah marang wong mau
ana ing donya.
16 Nalika aku kepéngin ngerti
kawicaksanan lan nyawang lelakon sing
ana ing donya kéné, aku ngrumangsani,
senajan daklakoni melèk rina lan wengi,
17 aku ora bakal ngerti pakaryané Gusti
Allah ana ing donya kéné. Kaya apa
waé olèhmu mersudi, kowé ora bakal
mudheng. Wong wicaksana bisa uga
muni bisa, nanging nyatané ora.
9 1 Kabèh mau dakrasak-rasakaké
sajroning ati kalawan ngetog
kekuwatanku. Aku banjur ngerti yèn
Gusti Allah nguningani tumindaké wong
wicaksana, tekan carané enggoné
nresnani lan enggoné nyengiti pisan,
ora ana wong sing ngerti apa sing bakal
kelakon.
2 Nasib sing dialami wong becik lan
wong ala, wong sing ngibadah lan sing

ora ngibadah, wong sing nyaosaké
kurban lan sing ora nyaosaké kurban,
nyatané padha waé. Wong becik ora
ngalami luwih becik ketimbang karo
wong dosa. Wong sing wani sumpah
karo sing ora,
3 kabèh ngalami nasib padha. Kaya
mengkono kaanané donya iki, lan
kuwi ora bener. Sajegé urip ing donya
wong-wong mau atiné kebak piala lan
nélakaké bodhoné, wekasané padha
mati.
4 Nanging saben wong mau padha duwé
pengarep-arep. Asu sing urip nasibé
luwih becik ketimbang karo singa sing
mati.
5 Wong urip ngerti yèn bakal mati,
nanging wong mati wis ora ngerti
apa-apa. Iya wis ora olèh panduman
menèh, sebab wis ora katut kepétung.
6 Katresnané lan sengité apa déné
drengkiné iya wis padha lebur kabèh.
Lan wis ora mèlu-mèlu ing urusané wong
sing isih urip.
7 Mulané terusna enggonmu mangan
kalawan bungah, ngombéa anggur
kalawan senenging ati. Mengkono sing
dadi keparengé Allah.

8 Padha bungaha lan seneng-senenga.
9 Uripa mukti karo bojo kekasihmu,
sajroné kowé diparingi urip sing tanpa
guna iki déning Allah. Nikmatana
dina-dina sing tanpa guna mau, sebab
kuwi pikolèhé kangèlanmu ana ing donya
kéné.
10 Sakèhé pegawéanmu lakonana sing
temenan, sebab mbésuk kowé bakal
mati lan ing donyané wong mati kowé
wis ora bisa nyambut-gawé menèh,
wis ora prelu mikir apa-apa, ora butuh
kawruh lan kawicaksanan, mangka
mrono kuwi paranmu.
11 Aku iya weruh kaanan ing donya sing
mengkéné: ing donya kéné ora mesthi
wong sing banter playuné kuwi sing
menang balapan, lan ora mesthi wong
sing kendel kuwi sing menang perangé.
Wong wicaksana ora mesthi duwé
pegawéan, wong pinter ora mesthi dadi
sugih, lan wong sing nyambut-gawéné
apik ora mesthi olèh pangkat dhuwur.
Saben wong bisa ngalami nasib sial.
12 Mung kowé ora ngerti kapan tekané
nasib sial mau. Kaya manuk sing
ujug-ujug kena ing jaring, utawa iwak
sing mlebu ing jala, kaya mengkono uga

kita ujug-ujug ngalami nasib sial, ing wektu sing ora kita nyana-nyana.

13 Aku iya weruh conto sing apik bab penganggepé wong ing donya iki tumraping kawicaksanan.

14 Ana kutha cilik sing dienggoni wong mung sethithik. Kutha mau dilurugi perang déning sawijining raja sing gedhé pangwasané. Kutha mau banjur dikepung, arep diserbu srana nggempur bètèngé.

15 Ing kutha kono ana wong miskin, sing wicaksana lan pinter banget. Wong mau satemené bisa nylametaké kutha kuwi, nanging ora ana sing duwé pikiran semono.

16 Aku selawasé kandha yèn kawicaksanan kuwi luwih becik ketimbang karo karosan, nanging ora ana wong sing duwé penganggep yèn wong miskin mau iya bisa kadunungan kawicaksanan, lan ora ana wong sing nggatèkaké marang tembungé wong miskin.

17 Luwih becik ngrungokaké tembung sarèh saka wong wicaksana, ketimbang karo tembungé penggedhé gemblung sing sora.

18 Kawicaksanan luwih gedhé paédahé
ketimbang karo gegaman, nanging
wong ala siji bisa ngrusak pirang-pirang
prekara sing becik.

10 1 Bathang laler siji bisa ndadèkaké
lenga wangi sabotol bacin,
mengkono uga tindak tanpa budi sing
katoné sepélé bisa gawé kawicaksanan
luhur dadi tanpa guna.
2 Wis lumrah yèn wong wicaksana
tumindak bener, lan wong tanpa pikiran
tumindak salah.
3 Senajan wong sing ora kenal pisan,
yèn kepethuk ana ing dalan ngerti, sebab
wong tanpa pikiran mau nyritakaké
tumindaké sing bodho marang angger
wong.
4 Yèn kowé didukani penggedhé, aja
banjur njaluk metu, merga kaluputan
sing gedhé pisan bisa diapura angger
kowé tetep sarèh.
5 Ing donya kéné akèh panindhes sing
ditindakaké déning para penggedhé.
6 Wong tanpa budi diwènèhi pangkat
lan pangwasa, nanging wong budi luhur
dikiwakaké.

7 Aku nyipati batur sing padha
nunggang jaran, lan wong luhur sing
padha mlaku kaya batur.
8 Sing sapa gawé jugangan bakal
kecemplung dhéwé, sing sapa mbabah
témbok, dicokot ula.
9 Sing sapa ngedhuk watu, tangané
lara kena watu; sing sapa nyigar kayu,
tangané kesusupen.
10 Yèn wadungmu kethul, kudu kokasah;
yèn ora, panyambut-gawému saya abot.
Mulané wong pinter ngrancang dhisik
sadurungé nandangi pegawéan.
11 Kawruh nelukaké ula kuwi ora ana
gawéné yèn ulané wis nyokot dhisik.
12 Apa sing diucapaké déning wong
wicaksana kuwi njalari dadi kajèn,
nanging wong tanpa budi ngrusak
jenengé merga tembungé dhéwé.
13 Wong mau miwiti nglairaké tembung
sing ngawur lan mungkasi srana
omongan sing tanpa teges lan nyilakani.
14 Wong tanpa pikiran olèhé crita ora
lèrèn-lèrèn. Ora ana wong sing weruh
apa sing bakal kelakon, lan ora ana
wong sing bisa kandha apa sing bakal
kedadéan sawisé kita mati.

15 Wong tanpa budi ora ngerti dalané
mulih menyang omahé, lan pituwasé
kangèlané kuwi mung kesel thok.
16 Negara bakal cilaka yèn sing dadi ratu
isih bocah, mangka para penggedhéné
negara gawéné mung padha pésta
sewengi muput.
17 Nanging begja negara sing duwé raja
wicaksana lan bisa gawé putusan dhéwé,
sarta para penggedhéné padha mangan
lan ngombé sapreluné, ora padha nganti
mendem.
18 Wong sing saka kesèdé ora gelem
ndandani payoné sing trocoh, wekasané
omah mau bakal ambruk.
19 Pésta gawé bungahing ati kita lan
anggur nglejaraké ati, nanging sekaroné
ngentèkaké dhuwit.
20 Aja ngrasani ala marang Sang Prabu
utawa para penggedhé liyané, sebab
bisa uga ana wong sing krungu, banjur
nglapuraké rasanan ala mau.
11 1 Dhuwitmu tanjakna kanggo
dedagangan ing manca negara,
supaya ing tembé olèh bathi akèh.
2 Dhuwitmu tanjakna kanggo miwiti
nindakaké pangudi werna-werna, sebab

kowé ora ngerti apa sing bakal kelakon
ana ing donya kéné.
3 Wit bisa rubuh mrana utawa mréné,
nanging sing mesthi nggluntung ana
ing panggonan rubuhé. Yèn mendhung
ngemu banyu, mesthi ing bumi bakal
udan deres.
4 Sing sapa ngentèni angin utawa
mangsa sing cocog, mesthi ora bakal
sida nyebar, mula ora bakal ngundhuh
apa-apa.
5 Kaya upamané kowé ora ngerti lakuné
angin, utawa ora ngerti dadiné urip
anyar ana ing wetengan, mengkono uga
kowé ora ngerti pakaryané Allah kang
nitahaké samubarang.
6 Wijimu sebaren ing wayah ésuk lan
ing wayah soré, merga kowé ora ngerti
apa wiji mau bakal thukul kabèh utawa
sebaran sing siji luwih becik ketimbang
karo sebaran sing sijiné.
7 Becik yèn bisa nikmati padhanging
raina sing mbungahaké.
8 Saosa panuwun ing ngatasé saben
taun sing ditambahaké ing umurmu.
Pira dawané umurmu kowé ora ngerti,
nanging sing mesthi pati sing bakal kita

alami kuwi luwih suwé, mangka ana ing
kana ora ana sing kita arep-arep.
9 Hé wong nom, nikmatana enggonmu
dadi wong nom. Bungaha sajroné kowé
isih nom. Turutana kekarepanmu, lan
apa pepénginané atimu lakonana.
Anggeré kowé tansah éling yèn Allah
bakal ngadili kowé ing bab sedhéngah
prekara sing koktindakaké.
10 Buwangen samubarang sing gawé
sedhihing atimu lan singkirna apa sing
bisa njalari kowé nandhang lara. Sebab
enggonmu dadi wong nom kuwi ora
suwé.
12 1 Sajroné dadi wong nom élinga
marang kang nitahaké kowé,
sadurungé ketekan dina sial lan taun-
taun sing njalari kowé muni, "Aku wegah
urip."
2 Yakuwi samasa padhangé srengéngé,
rembulan lan lintang-lintang dadi
remeng-remeng kanggoné kowé, lan
udané ora terang-terang.
3 Ing mangsa kuwi tangan sing
kokenggo ngreksa awakmu bakal
buyuten, lan sikilmu sing saiki rosa bakal
dadi ringkih. Untumu bakal mung kari
sawetara, mula ora bisa kanggo mamah

panganmu, sarta mripatmu wis ora awas
kanggo ndeleng.
4 Kupingmu bakal dadi budheg, nganti
ora krungu raméné swara sing ana ing
dalan. Kowé bakal mèh ora krungu
swarané wong nutu, utawa swarané
tetabuhan, malah swarané manuk
sing padha ngocèh ora bakal mbribèni
enggonmu turu.
5 Kowé bakal awang-awangen munggah
ing panggonan sing dhuwur, lan lakumu
bakal sempoyongan. Rambutmu bakal
putih mabluk, lan lakumu bakal karo
rambatan. Kowé bakal ora duwé
pepénginan apa-apa menèh. Kowé bakal
digawa menyang papan pengasoanmu
sing pungkasan, lan sedalan-dalan
ditangisi.
6 Ranténé slaka bakal pedhot, lampuné
kencana bakal tiba ambyar, lan kendhiné
wadhah banyu bakal remuk.
7 Awak kita bakal bali dadi lebuning
bumi sarta roh kita bakal bali marang
Allah kang maringaké marang kita.
8 Tanpa guna, samubarang kabèh kuwi
tanpa guna.
9 Sarèhné Juru Khotbah kuwi wong
wicaksana, mulané ora lèrèn-lèrèn

mulangaké kawruhé marang bangsané.
Panjenenganė nyinau bebasan-bebasan
pirang-pirang, ditliti kalawan jujur bener
lan orané.
10 Juru Khotbah ngudi nemokaké
tembung-tembung sing kepénak
dirungokaké, lan apa sing bener, banjur
ditulis kanthi jujur.
11 Bebasan anggitané wong wicaksana
kuwi padhané teken lancip sing dienggo
pangon ngengon wedhusé. Wulang
Bebasan sing diklumpukaké kuwi awèt
lan jero nancepé ing ati kaya pantèk sing
kukuh enggoné dianjingaké. Bebasan
sing mengkono mau peparingé Allah,
kang jumeneng Pangoning manungsa
kabèh.
12 Kejaba kuwi hé anakku, sing
waspada! Nganggit buku kuwi ora ana
entèké, lan sinau akèh kuwi ngeselaké
awak.
13 Ringkesé apa sing kokrungu kabèh
mau mung saprekara, yakuwi: Ngabektia
marang Allah lan lakonana dhawuhé,
sebab kuwi maksudé enggonmu
dititahaké.

14 Gusti Allah bakal ngadili sakèhé penggawé kita, iya sing becik utawa sing ala, malah sing samar pisan.

Kidung Agung

1 [1] Kidung sing éndah dhéwé,
anggitané Suléman. Pengantèn
wadon:
[2] Kawula kacucupa mawi lathi
Panjenengan; sih-katresnan
Panjenengan menika ngungkuli
nikmating anggur!
[3] Ganda Panjenengan arum sanget;
asma Panjenengan menika kados
lisah jebad ingkang kaesokaken, mila
para prawan sami kasmaran dhateng
Panjenengan.
[4] Kawula mugi Panjenengan tuntun,
énggal-énggal ndhèrèk Panjenengan!
Sang Raja, kawula kaajaka mlebet ing
kamar Panjenengan. Kita sesarengan
badhé bingah-bingah, ngraosaken
nikmating sih-sinihan! Mboten maiben
menawi tiyang èstri sami asih dhateng
Panjenengan.
[5] Hé para putri ing Yérusalèm, ireng
kulitku, nanging ayu rupaku. Irengku
kaya kémah-kémah sing ana ing ara-ara

samun Kédar, nanging ayuku kaya
gordhèn ing kratoné Suléman.
6 Aku aja kokrèmèhaké merga kulitku,
sing gosong déning panasing srengéngé.
Kakang-kakangku padha nepsu karo
aku, banjur akon aku nyambut-gawé ing
kebon anggururé, nganti aku ora kober
ngrumat kebon anggurku dhéwé.
7 Dhuh gantilaning nyawa kawula,
pepanthaning ménda Panjenengan badhé
Panjenengan giring dhateng pundi?
Wonten pundi enggèn Panjenengan
ngersakaken para ménda sami ngéyub
ing wanci tengangé?[a] Supados kawula
mboten prelu mrika-mriki madosi
Panjenengan ing antawisipun para
pangèn. Pengantèn lanang:
8 Hé wong wadon sing ayu dhéwé, apa
kowé weruh panggonanku? Nglacaka
tapaké para wedhus; cempému ngonen
ana ing kono, sacedhaké kémahé para
pangon.
9 Hé kekasihku, aku sumlengeren
ndeleng ayuné rupamu, kaya jaran
wadon sing gawé birainé jaran-jaran
lanang sing narik kréta titihané Firaun.

---

[a]tengangé: tengah hari (bhs. Ind.).

10 Éndah pipimu diapit-apit déning
sumping, mengkono uga gulumu sing
dihias ing kalung.
11 Mengko kowé dakgawèkaké hiasan
saka emas, nganggo kekembangan
slaka. Pengantèn wadon:
12 Sasuwéné Sang Raja lenggah ing
pesaréané, ganda arum saka narwastuku
ngebaki kamar.
13 Samasa kekasihku semèlèh ing
pangkonku, gandané kaya blendok mur.
14 Kekasihku mau kaya kembang
pacar sedhompol, sing lagi mekar ing
kebon-kebon anggur Èn-Gedi. Pengantèn
lanang:
15 Hé kekasihku, ayu temen kowé kuwi,
cahyané mripatmu kaya mripaté manuk
dara. Pengantèn wadon:
16 Dhuh kekasih kawula, èstu
ngganteng Panjenengan menika; sasat
rumput ijem ingkang minangka balé
kita.
17 Kajeng sédar minangka cagak, lan
kajeng cemara minangka gebyogipun
griya kawula.

2 1 Kawula namung presasat sekar
alasan ing Saron. Sekar bakung ing
lebak paredèn. Pengantèn lanang:

2 Kaya kembang ing antarané eri, ya
mengkono kekasihku ing antarané para
wong wadon. Pengantèn wadon:
3 Kaya wit apel ing antarané wit-witan
ing alas, ya mengkono kekasihku yèn
katandhing karo para priya. Aku seneng
ngéyub ing ngisoré, lan legining rasané
dadi pekaremanku.
4 Aku diajak menyang gedhong pésta,
lan sih-katresnané tansah dakrasakaké.
5 Kekuwatanku bali menèh merga
mangan kismis, lan awakku pulih seger
mangan apel, merga awakku mauné
lemes déning kasmaran.
6 Sirahku disangga nganggo astané
kiwa, astané tengen ngelus-elus aku.
7 Hé para putri ing Yérusalèm. Kowé
padha janjia dadia kidang utawa
menjangan, ora arep ngganggu aku sing
lagi kasmaran. Pengantèn wadon:
8 Aku krungu swarané kekasihku,
rawuhé presasat nglumpati gunung-
gunung, nrabas metu punthuk-punthuk
enggoné marani aku.
9 Kekasihku kaya kidang, kaya
menjangan lanang sing isih nom.
Panjenengané jumeneng ing sisihé

témbok, banjur ngungak ing jendhéla,
mirsani liwat sela-selaning ruji.
10 Kekasihku banjur ngandika.
Pengantèn lanang: Mrénéa kekasihku,
lungguha ing kéné karo aku!
11 Mangsa bedhidhing wis liwat, udané
wis terang.
12 Ing pedésan kembang-kembang
wis mekar, saiki mangsané menyanyi;
pambekuré manuk dara keprungu ing
ara-ara.
13 Wohé wit ara wis wiwit padha
mateng, gandané kembang wit anggur
sumebar ing endi-endi. Mrénéa wong
ayu, kekasihku, mrénéa karo aku.
14 Kowé kaya dara sing ndhelik ing sela-
selané gunung karang. Aku dakndeleng
ayuné rupamu, lan ngrungokaké
swaramu sing ngresepaké.
15 Ayo padha dicekel asu wawar[b] sing
ngrusak kebon anggur kita, sing saiki
lagi kembang. Pengantèn wadon:
16 Kekasihku kuwi duwèkku dhéwé,
lan aku kagungané kekasihku, kang
nunggoni wedhusé ana ing ara-ara
bakung,

---

[b]asu wawar: namanipun segawon wana (asu ajag).

17 nganti tekané angin wayah ésuk,
lan pepeteng sumilak. Kekasihku
banjur kondur, tindaké kaya playuné
kidang, kaya menjangan lanang sing
mlumpat-mlumpat ing pegunungan.

3 1 Saben bengi samasa aku turu, aku
ngimpékaké kekasihku! Dakgoléki
ing endi-endi, nanging ora ketemu.
2 Aku ngubengi kutha, metu dalan
lan lurung-lurung, nanging ora bisa
kepethuk.
3 Aku ketemu karo wong jaga sing
ngubengi kutha, banjur daktakoni apa
weruh kekasihku.
4 Sawisé mungkur saka kana, ora
suwé kekasihku ketemu; Panjenengané
dakcandhak lan ora dakculaké, dakgawa
menyang omahé ibuku, omah kelairanku.
5 Hé para putri ing Yérusalèm, kowé
padha janjia dadia kidang utawa
menjangan, ora arep ngganggu aku sing
lagi kasmaran ing sakatogé. Pengantèn
wadon:
6 Apa sing metu saka ara-ara samun,
sing rupané kaya kemeluné kukus,
ngganda arum kaya menyan blendok
mur, sing diedol déning para sudagar?

7 Suléman rawuh, lenggah ing tandhu,
diapit-apit prejurit sewidak, para perwira
pilihan ing Israèl
8 kabèh padha trampil migunakaké
pedhang, lantèh ing perang. Pedhangé
disengkelit ing lempèngé, siaga ngadhepi
serangan ing wayah bengi.
9 Tandhuné Sang Prabu Suléman
kagawé saka kayu, sing asalé saka
Libanon.
10 Cagaké dilapis slaka, kursiné
dilapis emas murni, bantalé diulesi
laken wungu, gawéané putri-putri ing
Yérusalèm.
11 Hé putri-putri Sion, mrénéa ndeleng
Sang Prabu Suléman. Panjenengané
ngagem makutha kang diagemaké
déning kang ibu, nalika Sang Prabu
krama, iya ing nalikané ngalami
kabungahan gedhé.
4 1 Pengantèn lanang: Iba ayumu, hé
kekasihku! Mripatmu sumunar ing
sangisoring krudhungmu kaya mripaté
manuk dara. Rambutmu ngombak kaya
lakuné wedhus gèmbèl sing temurun
saka pegunungan ing Giléad.
2 Untumu putih kaya putihé wedhus
gèmbèl sing mentas dicukur lan diedusi.

Kabèh padha meteng kembar, ora ana
sing gabug.
3 Lambému kaya pita abang,
nengsemaké banget yèn kowé guneman.
Pipimu sing ndurèn sajuring sumringah,
ana ing sangisoring krudhungmu.
4 Gulumu kaya menarané Dawud,
bunder lan alus, dicanthèli tamèng sèwu
mubeng.
5 Payudaramu kaya anak kidang kembar
sing padha nyenggut ana ing tengahing
kembang bakung.
6 Aku arep menyang gunung
panggonané mur lan kemenyan,
lan ana ing kana nganti tekané angin
subuh sarta petengé bengi ilang.
7 Hé kekasihku, iba ayuné rupamu,
éndah temen awakmu sekojur.
8 Ayo padha medhun saka Libanon, hé
pacanganku, ayo mèlu aku medhun saka
pucaké Gunung Amana, saka Gunung
Sendir lan Gunung Hèrmon, panggonané
para singa lan macan tutul.
9 Hé kekasihku, pacanganku, aku
kédanan karo kedhèping mripatmu, lan
karo kalung sing kokenggo ing gulumu.
10 Hé kekasihku lan pacanganku,
katresnanmu gawé bungahing atiku.

Katresnanmu ngungkuli nikmaté anggur,
gandamu arumé ngungkuli wewangèn
kabèh.
11 Kekasihku, lambému ngungkuli
legining madu, ilatmu presasat pohan
lan madu tumraping aku. Sandhanganmu
gandané ngungkuli sakèhé wewangèn
sing ana ing Libanon.
12 Dhuh adhikku, pacanganku, kowé
kuwi upamané kaya petamanan sing
kopèn, kaya belik sing disengker.
13 Tanduran werna-werna padha tuwuh
kanthi subur, wit delima metokaké woh
sing énak rasané. Kembang pacar lan
narwastu,
14 kembang narèd, karkom, dlingo
lan manis-jangan, lan wit rupa-rupa
sing metokaké menyan lan blendok
mur, sarta garu, apa déné sarupané
wewangèn kang adi.
15 Kowé kuwi presasat sendhang ing
taman, tuking banyu urip, kali kang
banter iliné, gemrojog saka Libanon.
Pengantèn wadon:
16 Hé angin saka Lor, tangia, hé
angin saka Kidul, midida, tamanku
silirana karebèn amrik gandané. Supaya

kekasihku mlebu ing taman kagungané,
lan dhahar wowohan sing dikersakaké.
5 1 Pengantèn lanang: Adhikku,
kekasihku, aku mlebu ing tamanku,
aku nglumpukaké wewangèn lan blendok
mur; aku mangan madu lan tala, aku
ngombé anggur lan powan. Pengantèn
wadon: Mangga kadhahara lan kaunjuka,
kekasih ingkang kasmaran, ngantos
mendema katresnan. Pengantèn wadon:
2 Aku teturon, nanging atiku melèk,
sajroning ngimpi aku krungu kekasihku
thothok-thothok lawang, pangandikané:
Pengantèn lanang: "Hé adhikku,
kekasihku, dara ingon-ingonku, aku
wenganana. Sirahku klebus ebun,
lan rambutku teles déning pedhut."
Pengantèn wadon:
3 "Kawula sampun cucul rasukan,
menapa kedah dandan malih? Kawula
sampun wisuh suku, menapa kedah
kawula damel reged malih?"
4 Kekasihku ndemèk cekelané
lawang, mula atiku trataban bareng
Panjenengané cedhak.
5 Aku banjur tangi arep ngengakaké
lawang, rumangsaku tanganku glumut
blendok mur. Bareng ndemèk pentholing

lawang drijiku teles merga déning lenga
mur.
6 Lawangé dakbukak arep nglebokaké
kekasihku, jebul Panjenengané wis ora
ana. Panjenengané wis tindak. Kaya
pecata nyawaku saka kepéngin ngrungu
pangandikané. Panjenengané dakgolèki,
nanging ora ketemu, dakundang,
nanging ora mangsuli. Kaya semaput-
semaputa aku bareng Panjenengané
ngical.
7 Aku kepethuk karo wong jaga kutha;
aku digebugi nganti babak-belur, lan
kemulku direbut.
8 Hé putri ing Yérusalèm, kowé janjia
marang aku, samasa ketemu karo
kekasihku, matura yèn aku nandhang
lara brangta. Para wong wadon ing
Yérusalèm:
9 Hé wong sing ayu dhéwé, kekasihmu
kuwi kacèké apa karo wong-wong
liyané? Sing kinacèk kuwi apané, déné
aku kokkon janji mengkono? Pengantèn
wadon:
10 Kekasihku bagus lan rosa; munjuli
wong saleksa.

11 Pasuryané abang sumringah lan alus;
rémané ngombak banyu, ireng kaya
wuluné gagak.
12 Tingalé élok kaya manuk dara sing
mabur ing sandhuwuré kali; dara sing
adus powan, ngadeg ing pinggiring kali.
13 Pipiné kaya tamanan, kebak
tetuwuhan sing wangi. Lathiné kaya
kembang bakung, teles déning lenga
mur.
14 Astané élok, ngagem sesupé akik
sing adi. Srirané kaya gadhing lemes,
sing ditrètès akik safir.
15 Sampéyané kaya watu marmer ing
umpak emas, dedegé kaya gunung ing
Libanon, agung lan pinunjul kaya wit
èrès.
16 Tutuké manis yèn dicucup, sekabèhé
sing ana Panjenenganė nengsemaké
aku. Kaya mengkono mau kekasihku, hé
putri-putri ing Yérusalèm.

6 1 Para wong wadon ing Yérusalèm:
Hé wong sing ayu dhéwé, menyang
endi ta parané kekasihmu? Kandhaa,
lakuné menyang ngendi, supaya aku
bisa mèlu nggolèki? Pengantèn wadon:
2 Kekasihku tindak menyang
petamananė, panggonané wit-witan sing

metokaké blendok mur. Panjenengané
angèn wedhus-wedhusé, karo methiki
kembang bakung.
3 Kekasihku kuwi duwèkku, lan aku iki
kagungané; Panjenengané angèn ana
ing tengahé kembang-kembang bakung.
Pengantèn lanang:
4 Kekasihku, ayumu kaya kutha
Yérusalèm, nengsemaké kaya kutha
Tirza, nggumunaké kaya kutha gedhé
loro mau.
5 Mripatmu aja ngawasaké aku, sebab
aku kepéncut banget. Rambutmu
ngombak banyu, kaya pepanthan
wedhus gèmbèl medhun saka Gunung
Giléad.
6 Untumu putihé kaya pepanthaning
wedhus gèmbèl sing mentas diguyang.
Kabèh padha meteng kembar, ora ana
sing gabug.
7 Pipimu sing ndurèn sajuring sumringah
ana ing sangisoring krudhungmu.
8 Karebèn Sang Prabu kagungan
pramèswari sewidak, selir wolung puluh,
lan prawan tanpa pétungan!
9 Nanging sing dakkasihi mung siji, lan
kuwi ayuné kaya manuk dara. Wong
kuwi anak ontang-antingé ibuné, anak

sing ditresnani banget. Saben wong
wadon kepéngin ndeleng lan ngalem,
para pramèswari lan para selir kabèh
padha ngalem!
10 Sapa ta wong sing mripaté
mencorong kaya wayah byar, éndah
kaya rembulan, kencar-kencar kaya
srengéngé?
11 Aku mau medhun ndeleng kebonku
kenari, lan tanduran-tanduran sing ana
ing lebak, sarta wit-wit anggur sing lagi
padha ngetokaké pupus, mengkono uga
wit dlima sing kembangé lagi padha
mekar.
12 Aku gemeter, aku gemeter merga
kasmaran karo kowé, rumangsaku
kaya-kaya aku nunggang kréta sing arep
maju perang. Para putri ing Yérusalèm:
13 Njogèd-njogèda putri Sulam. Ayo
padha ndeleng jogèdané putri Sulam.
Pengantèn wadon: Yagéné kowé padha
seneng ndeleng putri Sulam njogèd?
Yèn aku njogèd, jogèdanku kuwi jogèd
perang!
7 1 Pengantèn lanang: Ora ana wong
sing ayuné kaya kowé! Iba éndahé
sikilmu nganggo sandhal kuwi. Cethikmu
éloké kaya gawéané ahli ukir.

2 Pusermu kaya tuwung anggur sing
ora tau asat, wetengmu kaya gandum
katumpuk kaubengan ing kembang
bakung.
3 Payudaramu kaya kidang kembar,
kaya menjangan kembar jèjèr.
4 Gulumu kaya menara gadhing,
mripatmu kaya telaga ing Hèsbon, ing
sacedhaké gapura Bètrabim. Irungmu
kaya menara ing Gunung Libanon, kang
madhep ing kutha Damsyik.
5 Sirahmu kaya Gunung Karmèl,
rambutmu rupané abang semu wungu,
Sang Raja nganti kasmaran merga
klabangané rambutmu.
6 Hé kekasihku! Iba bangeté éndahmu
lan iba enggonmu ngresepaké, ngungkuli
sabarang sing ngresepaké.
7 Dedegmu kaya wit kurma,
payudaramu kaya dhompolan anggur.
8 Dakpènèké wit kurma kuwi, dakcekelé
dhompolané anggur. Nuli dhompolan
mau dakpethik lan dakrasakaké, ababmu
arum kaya gandané woh apel,
9 lan tutukmu kaya anggur murni.
Pengantèn wadon: Anggur menika
kajengipun tansah mili dhateng kekasih

kawula, milia dhateng lathi lan wajanipun
tiyang ingkang saweg tilem.
10 Aku iki kagungané kekasihku;
Panjenenganė kepéncut karo aku.
11 Sumangga sang kekasih, kita sami
medal lan sami saré ing pedhusunan.
12 Énjing umun-umun lajeng mirsani
kebon anggur, menapa sampun sami
medal pupusipun, menapa sampun sami
mekar sekaripun; menapa wit dlima
ugi sampun sami sekar ngrembaka.
Ing ngrika mangké kawula badhé
ngunjukakеn katresnan kawula dhateng
Panjenengan.
13 Sekar dhudhaim amrik gandanipun,
tuwin ing sanginggiling kori kawula
wonten wowohan ingkang adi-adi,
ingkang taksih énggal, ingkang lami
inggih wonten. Kawula rawati sedaya
wau kagem Panjenengan, kekasih
kawula!
8 1 Begja kawula, menawi Panjenengan
menika sedhèrèk kawula, ingkang
kasesepan déning ibu kawula. Supados
menawi kepanggih wonten ing margi
lajeng kawula cucupi, lan mboten wonten
ingkang badhé menggak kawula.

2 Lajeng Panjenengan badhé kawula
aturi tindak dhateng griya kawula,
supados saged muruki kawula bab
katresnan. Panjenengan lajeng badhé
kawula saosi unjukan anggur adonan,
sarta duduhipun woh dlima.
3 Asta kiwa Panjenengan lajeng badhé
nyanggi sirah kawula, sarta asta tengen
Panjenengan ngrangkul kawula.
4 Hé para putri ing Yérusalèm, padha
janjia yèn ora arep ngganggu enggonku
sih-sinihan. Para putri ing Yérusalèm:
5 Sapa kuwi sing jumedhul saka
ara-ara samun, rangkul-rangkulan
karo kekasihé? Pengantèn wadon:
Ing sangandhaping wit apel menika
kawula nggigah katresnan Panjenengan,
inggih wonten ing ngriku Panjenengan
kalairaken.
6 Penggalih Panjenengan katutupa
rapet kanggé tiyang sanès, namunga
kawula piyambak kadadosna kekasih
Panjenengan. Déné katresnan menika
rosa kados pangwaosipun pejah,
kasmaran pangrèhipun kados pecating
nyawa. Ngalad-alad kados urubing latu,
latu ingkang medal saking Pangéran,

7 ingkang mboten saged kasirep déning
toya; toyaning kali pisan mboten badhé
saged nyegah. Katresnan mboten
saged dipun tumbas; senajan wonten
tiyang ingkang badhé numbas mawi
barang-darbèkipun sedaya, malah tiyang
mau namung badhé dipun poyoki.
Sedulur-seduluré lanang pengantèn
wadon:
8 Kita padha duwé sedulur wadon isih
cilik, durung metu susuné; samasa
dilamar ing wong, kepriyé enggon kita
arep mbélani?
9 Saupama bocah kuwi témbok, prayoga
kita yasani menara, saupama lawang,
kita pageri gebyog kayu èrès. Pengantèn
wadon:
10 Aku iki témbok, lan susuku padha
mèmper menara. Kekasihku pirsa yèn
karo Panjenengané atiku tentrem.
Pengantèn lanang:
11 Sang Prabu Suléman kagungan
kebon anggur ana ing kutha Baal
Hamon. Pametuné diséwakaké marang
para wong tani, wong siji mbayar sèwu
sèkel dhuwit slaka.
12 Aku duwé kebon anggur dhéwé, sing
dakkwasani dhéwé. Karebèn Suléman

nampa sèwu sèkel lan para wong tani
nampa opah rong atus sèkel, aku pilih
ngrumat kebonku dhéwé. Pengantèn
lanang lan wadon padha sesauran:
13 Hé kekasihku kang ana ing kebonku,
kanca-kanca kepéngin krungu swaramu,
semono uga aku!
14 Kula aturi énggal tindak mriki,
kekasih kawula, kula aturi rerikatan
kados lampahipun kidang, inggih kados
menjangan ingkang mlumpat-mlumpat
ing paredèn, ingkang kebak taneman
wangi-wangi.

Yesaya

1 [1] Kitab iki isi wahyu sing diwedharaké
déning Allah marang Nabi Yésaya bin
Amos, kanggo Yéhuda lan Yérusalèm,
nalika Uzia, Yotam, Ahas lan Hizkia
jumeneng raja ing Yérusalèm.
[2] Pangéran ngandika, "Hé langit
lan bumi, rungokna pangandika-Ku!
Bocah-bocah sing Dakrumati padha
brontak nglawan Aku.
[3] Sapi wanuh karo bendarané, lan
kuldi nitèni karo pamakanané nanging
umat-Ku Israèl ora ngerti apa-apa."
[4] Cilaka kowé bangsa sing kebak dosa,
sing bobrok lan ala! Dosa-dosamu
wis nasaraké kowé. Kowé nampik lan
nyingkur marang Gusti Allah Kang
Mahasuci, sing wajib koksembah.
[5] Yagéné kowé madoni? Yagéné kowé
kudu diajar menèh sing luwih nemen?
Sirahmu wis kebak borok, lan atimu wis
rusak babar-pisan.
[6] Wiwit saka tlapakan tekan embun-
embunan wis ora ana sing wutuh. Kabèh
wis benjut, abuh lan kebak tatu anyar.

Tatu-tatu kuwi durung nganti diresiki
lan diblebed. Malah iya ora ditambani
nganggo lenga.
7 Tanahmu wis dadi sepi; kutha-
kuthamu wis diobong nganti ludhes.
Lemahmu dijarah-rayah déning bangsa
liya kowé weruh dhéwé, padha
diobrak-abrik kabèh.
8 Mung kari Yérusalèm thok, tur kuwi
waé wis dikepung déning mungsuh lan
ora bisa apa-apa, presasat gubug ing
kebon anggur utawa ing tegalan timun.
9 Saupama Gusti Allah ora ngèngèh
sethithik, wis mesthi kita padha kaya
Sodom lan Gomora.
10 Hé Yérusalèm, para penggedhé lan
rakyatmu wis dadi kaya Sodom lan
Gomora. Rungokna pangandikané Allah
marang kowé; padha gatèkna piwulangé
Allah kita.
11 Pangandikané Allah, "Apa
rumangsamu Aku seneng karo
kurban sing saben dina koksaosaké
marang Aku? Aku bosen karo kurban
obongan wedhus gèmbèl lan gajihé
pedhètmu. Aku ora sudi getihé sapi lan
wedhus bérok.

12 Sapa sing akon kowé nggawa
sesaosan kuwi samasa kowé séba ana
ing ngarsa-Ku? Sapa sing akon kowé
wira-wiri ing Pedaleman-Ku?
13 Tanpa guna enggonmu nggawa
sesaosanmu. Aku ora sudi ngambu
kutugé menyanmu. Aku jijik mirsani
kraméanmu Sasi Anyar, dina-dina
Sabbat lan dina-dina gedhé sarta
enggonmu nglumpuk masamuwan.
Kabèh mau wis dadi najis merga saka
dosa-dosamu, mulané Dakgethingi; Aku
kesel ngrasakaké kuwi mau kabèh.
14 (1:13)
15 Samasa kowé ndedonga karo
ngegaraké tanganmu, Aku bakal
mléngos. Ora preduli sepira
akèhé pandongamu. Aku ora bakal
miyarsakaké, merga tanganmu mau wis
kokenggo matèni wong akèh.
16 Padha wisuha, padha resikana; padha
maria nglakoni piala,
17 sarta padha sinaua nindakaké
kabecikan; njejegna pengadilan,
mitulungana wong sing disiya-siya,
awèha adil marang bocah lola, bélanen
prekarané randha."

18 Gusti Allah ngandika, "Ayo, prekara
iki kita bèrèsaké. Senajan dosamu
abanga kaya jingga, bakal padha dadi
putih kaya salju. Senajan abanga kaya
gluga, bakal padha putih kaya kapas.
19 Yèn kowé padha mbangun-turut
lan nglakoni dhawuh-Ku, kowé bakal
padha mangan samubarang sing becik
pametuné tanah kéné.
20 Nanging yèn kowé padha mbaléla
nglawan Aku, kowé mesthi bakal mati.
Aku, Pangéran, sing ngandika."
21 Kutha sing biyèn setya, saiki kaya
sundel![a] Biyèn rakyaté jujur-jujur,
nanging saiki padha seneng gawé pati.
22 Yérusalèm, biyèn kowé kaya slaka,
nanging saiki asor, ora ana regané. Biyèn
kowé kaya anggur sing mirasa, saiki
rasané mung kaya banyu tawa.
23 Para penggedhému kuwi mbangkang
lan kancané maling; padha dhemen
dibeseli lan gampang diiming-imingi.
Padha ora mbélani bocah lola ana ing
pengadilan, lan randha sing ngajokaké
prekarané ora dipaèlu.
24 Mulané Pangéran, Allahé Israèl Kang
Mahakwasa ngandika mengkéné, "Hé

---

[a]sundel: pelacur (bhs. Ind.).

sakèhé mungsuh-Ku, Aku bakal nibakaké
pemales marang kowé kabèh, supaya
kowé ora gawé susah-Ku menèh.
25 Kowé bakal Daklawan, kaya carané
wong ngresiki slaka, mengkono bakal
enggon-Ku ngresiki kowé. Sakèhé
reregedmu bakal Dakresiki.
26 Aku bakal ngangkat penggedhé-
penggedhé anyar sarta penaséhat kaya
dhèk jaman biyèn, mula Yérusalèm
bakal kasebut kuthaning keadilan lan
kasetyan."
27 Allah kuwi adil, mulané bakal
nylametaké kutha Yérusalèm lan rakyaté
kabèh bakal padha mratobat.
28 Nanging wong kabèh sing nglakoni
dosa lan mbangkang marang
Panjenengané bakal ditumpes,
lan sakèhé wong sing nyingkur
Panjenengané bakal disirnakaké.
29 Kowé bakal getun, déné wis
tau nyembah wit-witan lan milih
taman-taman kanggo nyembah brahala.
30 Kowé bakal alum kaya wit gedhé sing
mati, kaya kebon sing ora dileb banyu.
31 Kaya damèn kobong déning geni
sapletik, mengkono uga para penggedhé

bakal katumpes merga saka penggawéné dhéwé, mangka ora ana sing bisa nyirep.

2 [1] Pangandikané Gusti Allah marang Yésaya bin Amos kanggo Yéhuda lan Yérusalèm,

[2] Ing jaman wekasan bakal kelakon, gunung panggonan Pedalemané Allah bakal mumbul, ngungkuli gunung-gunung dhuwur liyané. Bangsa pirang-pirang bakal padha kemrubut mara mrana,

[3] lan kabèh bakal muni mengkéné, "Ayo padha munggah menyang gunungé Allah kita. Ana ing kana kita bakal diwulang apa waé sing kudu kita lakoni. Kita bakal ngambah dalan sing ditedahaké, sebab angger-anggeré Allah kuwi asalé saka Yérusalèm, lan iya saka kono Panjenengané ngandika marang umaté."

[4] Panjenengané bakal ngadili prekarané bangsa-bangsa, sing padha prekaran lan ndhawahaké putusané. Mulané pedhang-pedhang digemblèng kadadèkaké kajèn[b] sarta tumbak-tumbaké digawé arit. Bangsa-bangsa bakal padha ora perang menèh, lan ora ana sing latihan perang-perangan.

---

[b] kajèn: landheping luku.

5 Hé anak-turuné Yakub kabèh, ayo
padha mlaku ing pepadhang peparingé
Allah marang kita.
6 Dhuh Allah, sampun ta nilar umat
Paduka, turunipun Yakub! Awit ing
pundi-pundi, ing negari menika tiyang
sami dados juru tenung kados tiyang
Filistéa lan tiyang-tiyang bangsa
wétanan.
7 Rakyat sami niru adat tata-caranipun
bangsa sanès. Tanah ngriki kebak slaka,
tuwin raja-brana tanpa wicalan. Kapal
lan krétanipun kathah sanget,
8 mekaten ugi tanah ngriki kebak
brahala. Tiyang-tiyangipun sami
nyembah reca damelanipun piyambak.
9 Srana pendamel mekaten drajatipun
manungsa dipun asoraken lan dados
nistha. Tiyang-tiyang kados mekaten
mugi sampun Paduka apunten.
10 Tiyang-tiyang menika badhé sami
mlebet ing guwa-guwa ing paredèn,
utawi damel pandhelikan ing salebeting
siti, supados oncat saking mulading
paukuman lan pangwaosing kamulyan
Paduka.

11 Bakal tekan wektuné wong
angkuh diasoraké, wong gemedhé
didhingklukaké.
12 (2:11)
13 Wit cemara sing dhuwur-dhuwur ing
Libanon lan sakèhé wit-witan gedhé ing
Basan bakal dirubuhaké.
14 Gunung-gunung lan punthuk-punthuk
sing dhuwur bakal diratakaké.
15 Menara-menara sing dhuwur
lan témbok-témboké bètèng bakal
dijugrugaké.
16 Prau sing gedhé-gedhé lan éndah
bakal dikèremaké.
17 Wong gemunggung bakal diasoraké,
lan wong gemedhé digawé temungkul.
Brahala-brahala kabèh bakal sirna
saka bumi. Ing dina kuwi mung Allah
piyambak kang bakal kaluhuraké.
18 (2:17)
19 Samasa Gusti Allah ngoregaké
bumi, wong-wong bakal padha mlebu
guwa-guwa ing pegunungan karang
utawa ndhudhuk pandhelikan ing lemah,
supaya oncat saka paukumané Allah
lan pangwasané sing ngédab-édabi. Ing
dina kuwi manungsa bakal mbuwang

brahalané pérak lan emas kanggo tikus
lan lawa.
20 (2:19)
21 (2:19)
22 Mulané kowé aja padha ngendelaké
marang manungsa sing ngalami mati,
sebab apané ta sing pantes diajèni?
3 1 Saiki Pangéran Kang Mahakwasa
bakal mundhut saka kutha Yérusalèm
lan Yéhuda, samubarang sing dibutuhaké
rakyat kanggo uripé, dadia pangan utawa
ombèn-ombèn. Semono uga wong kabèh
sing diendelaké,
2 kayata para perwira, para prejurit,
para hakim, para nabi, para dhukun,
para penggedhéné negara,
3 para sénapati, para pengarepé
masarakat, para ahli politik lan para
tukang sihir.
4 Allah bakal ngangkat wong nom sing
durung diwasa dadi pemimpiné rakyat.
5 Saben wong bakal ngarah nguriki[c]
pepadhané. Wong nom bakal
ngrèmèhaké wong tuwa, lan wong
cilik bakal ngrèmèhaké penggedhé.
6 Bakal tekan wektuné wong milih
sanak-seduluré nganggo dikandhani

---

[c]nguriki: ngakali.

mengkéné, "Mung kowé dhéwé sing isih
duwé sandhangan pantes, mulané kowé
waé sing dadi pemimpin kita ing jaman
ngrekasa iki."
7 Nanging wong mau bakal mangsuli,
"Aja aku, sebab aku iya ora duwé pangan
lan sandhangan. Aku aja kokkon dadi
pemimpiné rakyat, sebab aku ora bisa
nulungi kowé."
8 Pancèn, Yérusalèm nampa paukuman.
Yérusalèm wis ambruk. Merga sakèhé
tembung lan penggawéné madoni Allah
lan nyewiyah Panjenenganè.
9 Ulaté bangsa kuwi nélakaké atiné sing
ala. Enggoné nglakoni dosa blak-blakan
kaya wong Sodom biyèn. Cilaka wong-
wong mau! Sebab bakal padha diukum
merga saka penggawéné dhéwé.
10 Pangandikané Allah mengkéné,
"Kandhaa karo wong mursid, yèn bakal
nampa kabegjan, merga bakal mangan
pametuné pegawéané.
11 Nanging cilaka wong sing duraka,
sebab bakal nampa paukuman murwat
karo penggawé sing ditandukaké marang
wong liya.
12 Umat-Ku bakal disiya-siya déning
bocah-bocah lan dierèh déning wong

wadon. Umat-Ku bakal disasaraké
déning para penggedhéné nganti ora
weruh dalan sing kudu padha diambah."
13 Gusti Allah bakal nggugat lan ngadili
bangsa-bangsa.
14 Panjenengané bakal ngadili para
penggedhéné umat kagunganė. Wong-
wong mau bakal didakwa mengkéné,
"Kowé wis njarah-rayah asilé kebon
anggur, lan omahmu kebak barang saka
enggonmu ngrampas wong miskin.
15 Généya padha meres wong miskin?
Aku, Allah Kang Mahakwasa sing
ngandika."
16 Pangandikané Gusti Allah, "Delengen,
iba gemunggungé para wanita
Yérusalèm kuwi! Padha angkuh, kemayu
lan mripaté plirak-plirik. Lakuné digawé-
gawé, supaya gelang kroncong sing ana
ing sikilé kemrincing.
17 Nanging wong-wong mau bakal
Dakukum; sirahé bakal kebak borok,
nganti bakal gundhul."
18 Bakal tekan wektuné Allah mundhut
saka para wanita mau samubarang sing
diegung-egungaké, rerengganė sirah,
gelang kroncong, kalung,
19 gelang tangan, krudhung,

20 rimong, jimat-jimat sing ana ing
lengen lan ana ing lempèngé,
21 ali-ali ing driji lan irungé,
22 sandhangané pésta sing élok-élok,
rok mantol, dhompèt,
23 klambi tipis, klambi léna, sléndhang
lan krudhungé dawa.
24 Gandané arum bakal malih dadi
bacin. Bentingé[d] sing alus bakal
diganti tali tampar kasar. Sirahé sing
ketel rambuté bakal dadi gundhul.
Sandhanganė sing apik-apik bakal
dilironi bagor. Ayuné bakal malih dadi
ala.
25 Wong-wongé lanang sing rosa-rosa
bakal mati ing peprangan.
26 Wong-wong bakal padha nangis lan
sesambat ana ing gapuraning kutha
nangisi sing padha mati, lan kutha kuwi
dhéwé bakal kaya wong wadon sing
diwudani, ndhéprok ana ing lemah.

4 1 Ing dina kuwi wong wadon pitu
bakal nyekel wong lanang siji lan
muni, "Kowé ngakua bojoku, supaya aku
ora wirang merga ora kawin. Pangan lan
sandhang dakgolèk dhéwé."

---

[d]Benting: Bangsané sabuk (setagèn).

2 Bakal ana wektuné Gusti Allah
ndadèkaké tanduran lan wit-witan dadi
gedhé lan éndah ing negara iki. Ing dina
kuwi wong Israèl bakal bungah-bungah
lan mongkog atiné merga panèné metu.
3 Ing kono saben wong sing isih kari
ing Yérusalèm, yakuwi wong-wong sing
kapilih lan kapitulungan déning Allah,
bakal disebut suci.
4 Srana pangwasané Pangéran bakal
ngadili lan mbucal kanisthané umaté.
Wong-wong ing Yérusalèm dosané bakal
dilebur, senajan dosa matèni wong
dianggep ora salah.
5 Nuli Pangéran bakal nekakaké méga
ing wayah awan, sarta tugu kukus
sing murub ing wayah bengi, mayungi
Gunung Sion lan sakèhé wong sing padha
nglumpuk ana ing kana. Kamulyané Allah
bakal mayungi lan ngayomi sakutha
kabèh.
6 Kamulyané Allah piyambak kang bakal
ngéyubi kutha, mula ing wayah awan
ora kena panasé srengéngé. Kutha mau
bakal dadi pangungsèn sing tentrem ing
mangsa udan lan prahara.

5 1 Rungokna, aku arep ngidung,
ngidungaké kebon angguré mitraku.

Mitraku duwé kebon anggur ana ing
pèrènging gunung sing lemahé loh.
2 Lemahé dipaculi, watu-watuné
disingkiraké, banjur ditanduri bibit
anggur sing becik, lan digawèkaké
menara penjagan. Wong mau iya gawé
jugangan kanggo mipit anggguré; sawisé
mengkono banjur ngentèni nganti wohé
anggur mateng, jebul angguré kecut
kabèh.
3 Mitraku banjur kandha, "Saiki kowé
wong sing padha manggon ing Yérusalèm
lan Yéhuda kabèh, padha dakdadèkaké
hakim, dakkon mutusi prekara-Ku karo
kebon anggur-Ku.
4 Kurang apa enggon-Ku ngrumat
kebon anggur-Ku? Nanging yagéné
wohé kokkecut, ora legi kaya sing
Dakkarepaké?
5 Saiki beciké kebon anggur mau
Dakkapakaké? Mengkéné: Pager kawat
sing ngubengi kebon iki arep Dakbubrah,
témboké Dakrubuhaké, supaya kéwan
galak padha bisa mlebu lan ngidak-idak
tandurané.
6 Bakal Daktogaké waé, lemahé ora
bakal Dakpaculi, lan wité anggur
ora Dakresiki, karebèn kebak eri lan

rerungkudan. Malah mendhung bakal
Dakpenging nibakaké udan ana ing
kono."
7 Satemené umat Israèl kuwi kebon
angguré Allah Kang Mahakwasa, lan
wong Yéhuda kuwi anggur sing ditandur
ing kono. Gusti Allah ngantos-antos
pametuné, yakuwi kabecikan, nanging
anané jebul mung pepati. Sing Dianti-
anti kabeneran, nanging sing ana
mung sambaté wong sing padha njaluk
keadilan.
8 Cilaka kowé, wong sing nukoni
omah-omah lan pakebonan kokenggo
nambahi kasugihanmu. Wong liya bakal
wis ora kepanduman lemah. Mung kowé
dhéwé sing ngenggoni sanegara kabèh.
9 Aku krungu Pangéran ngandika
mengkéné, "Omah sing gedhé-gedhé lan
apik-apik kuwi bakal suwung, ora ana
sing ngenggoni.
10 Panèné bakal wurung. Kebon anggur
sing jembaré sepuluh hèktar bakal mung
metokaké banyu anggur sepuluh liter.
Winih gandum 100 taker bakal mung
metokaké 10 taker."

11 Cilaka kowé sing wiwit tangi ésuk
tekan bengi gawéané mung ngombé
minuman keras nganti mendem.
12 Enggonmu pésta nanggap kecapi,
gambus, rebab, suling lan suguhan
anggur. Nanging kowé ora mreduli karo
dhawuhé Allah lan pendamelé marang
kowé.
13 Mulané kowé bakal digiring dadi
tawanan. Para penggedhému lan rakyat
bakal padha mati kaliren lan kasatan.
14 Bebaya pati mangap amba arep
nguntal para penggedhé ing Yérusalèm
sarakyaté kabèh, sing senenganė mung
padha foya-foya.
15 Wong kabèh bakal digawé wirang lan
wong angkuh bakal diasoraké.
16 Nanging Pangéran Kang Mahakwasa
bakal ngetingalaké kaluhuranė lan
nindakaké kabeneran. Panjenenganė
bakal ngetingalaké kasucèné lan ngadili
umat kagunganė.
17 Ing jejugruganė kutha mau cempé
lan wedhus gèmbèl bakal padha
nyenggut suket lan ora kekurangan
pangan.
18 Cilaka kowé, wong sing ora bisa mari
olèhé gawé dosa.

19 Kandhamu, "Pangéran, Allahé Israèl,
bèn waé énggal-énggal nindakaké
rancangané, supaya kita ngerti apa
kersané."
20 Cilaka kowé, merga sing becik
kokarani ala, sing ala kokarani becik.
Peteng kokarani padhang lan pait
kokarani legi.
21 Cilaka kowé, merga nganggep
awakmu dhéwé pinter lan wicaksana.
22 Cilaka kowé, wong sing peng-pengan
ngombé anggur. Kowé kendel yèn
ngadoni anggur karo minuman keras!
23 Nanging kowé ora wani nampik
sogokan kanggo ngluwari wong salah,
lan wong ora salah kokalang-alangi
supaya aja olèh keadilan.
24 Kowé nampik dhawuhé Pangéran,
Kang Mahakwasa, Allahé Israèl. Mulané
kaya déné damèn lan suket garing
entèk tapis dimangsa ing geni, kaya
mengkono uga oyodmu bakal bosok
kabèh, kembangmu dadi garing lan sirna
kabur ing angin.
25 Gusti Allah duka marang umaté.
Astané wis diagagaké kanggo nggebag.
Gunung-gunung bakal gonjing, jisim-
jisim bakal padha pating blasah ana ing

dalan-dalan. Nanging paukumané Allah
durung sirep. Astané isih diagagaké.
26 Pangéran bakal nimbali bangsa saka
tanah adoh. Bangsa mau disingsoti
supaya teka saka pojok-pojoké bumi lan
temenan bangsa mau teka, rikat, gelis
banget.
27 Bangsa mau trampil ing perang
lan ora tau kesel nglurug perang
terus-terusan.
28 Panahé landhep lan gendhéwané wis
dipenthang. Tracaké jarané presasat
watu item, lan krétané rikaté kaya lésus.
29 Prejurité padha nggero kaya singa
sing nubruk pangané, banjur disèrèd,
ora ana sing bisa ngrebut lan nguwalaké.
30 Ing dina kuwi gemuruhing perang
bakal keprungu ing satanah Israèl kabèh
kaya jumeguring segara. Delengen,
sanegara wis peteng kabèh, ing endi-
endi ana karusakan. Pepadhang wis
malih dadi peteng ndhedhet.

6 1 Nalika ing taun sédané Sang Raja
Uzia, aku ndeleng Pangéran pinarak
ana ing dhamparé kang agung. Jubahé
nutupi sa-Pedalemané Allah kabèh.
2 Para malaékat Sérafim padha ngadeg
ngubengi dhampar mau. Saben Sérafim

swiwiné nenem. Loro kanggo nutupi
rainé, loro kanggo nutupi badan lan loro
kanggo mabur.
3 Sérafim mau padha sesauran karo
nywara mengkéné, "Suci, suci, suci Allah
Kang Mahakwasa. Salumahé bumi kebak
kaluhurané."
4 Saka seruning swarané, pondhasining
Pedalemané Allah nganti horeg, lan
papan mau dadi kebak kukus.
5 Aku banjur kandha mengkéné, "Adhuh
cilaka aku! Merga reged lambéku, sarta
aku manggon ana ing tengahé bangsa
sing satembung-tembungé rusuh.
Luwih cilaka menèh merga aku wis
ndeleng Sang Prabu, Pangéran Kang
Mahakwasa!"
6 Banjur ana Sérafim siji sing mabur
marani aku, ngasta mawa mengangah,
olèhé mendhet ing mesbèh nganggo
sapit.
7 Mawa mau dinyonyokaké ing lambéku,
karo ngandika, "Mawa iki wis nggepok
lambému, dadi kaluputanmu wis ilang
lan dosamu wis dilebur."
8 Aku banjur krungu Pangéran ngandika,
"Sapa sing arep Dakutus? Sapa sing arep
dadi utusan-Ku nggawa pawarta-Ku?"

Aku banjur munjuk, "Sumangga, mugi
ngutus kawula!"
9 Dhawuhé Pangéran, "Kowé maranana
bangsa iki lan kandhaa mengkéné, ‘Kowé
bakal tansah krungu, nanging ora ngerti.
Kowé bakal tansah ndeleng, nanging ora
nggatèkaké.’"
10 Banjur ngendika menèh mengkéné,
"Pikirané wong-wong kuwi gawénen
bodho, lan kupingé gawénen budheg
sarta mripaté gawénen wuta, supaya ora
bisa ndeleng utawa kupingé ora krungu
sarta pikirané ora ngerti, lan marani Aku
dadi lan warasé."
11 Aku munjuk, "Dhuh Allah, menika
ngantos pinten laminipun?" Dhawuhé
Pangéran, "Nganti sakèhé kutha wis
padha rusak lan kothong, sarta sakèhé
omah wis ora ana sing ngenggoni,
semono uga palemahan kabèh wis dadi
bera lan cengkar.
12 Wong-wongé bakal padha
Daktundhung lan tanah kono bakal dadi
sepi.
13 Yèn ing tanah kono isih ana kekarèné
saprasepuluh, wong-wong mau iya bakal
Daktumpes. Bangsa mau bakal kaya wit
gedhé sing sawisé ditegor mung kari

tunggaké." (Tunggak mau dadi wiwitané umaté Allah kang anyar.)

7 [1] Raja Ahas kuwi putrané Yotam, wayahé Uzia. Nalika Ahas dadi raja ing Yéhuda, ana perang. Rézin, raja ing Siria, lan Pékah putrané Rémalya, raja ing Israèl, bebarengan nyerang Yérusalèm, nanging ora bisa ngrebut kutha mau.

[2] Bareng raja Yéhuda mireng yèn tentara Siria, kanca sekuthoné raja Israèl, wis mlebu ing wilayah Israèl, raja Yéhuda lan rakyaté wedi banget, nganti gemeter kaya kemitiré wit-witan sing katerak angin.

[3] Pangandikané Pangéran marang Yésaya, "Anakmu Syear Yasyub gawanen, lungaa nemoni Raja Ahas. Kowé bakal ketemu karo wong mau ana ing kalèn sing anjog ing blumbang sisih ndhuwur, panggonané tukang umbah-umbah padha nyambut-gawé.

[4] Kandhaa karo Ahas, supaya ngati-ati, sing tatag waé, ora prelu kuwatir utawa bingung. Nepsuné Raja Pékah lan Raja Rézin sabalané kabèh kuwi mung tugelan tumper[e] loro lan kari kebulé waé.

---

[e]tumper: kajeng ingkang wonten mawanipun.

5 Siria lan raja Israèl kuwi padha
rukunan,
6 arep nyerang Yéhuda, supaya Yéhuda
wedi lan gelem dadi balané Israèl.
Banjur arep ngangkat Tabeèl, putrané
Ahas, dadi raja.
7 Nanging Aku, Pangéran ngandika yèn
prekara kuwi ora bakal kelakon.
8 Sebabé mengkéné: Siria ora luwih
rosa ketimbang karo Damsyik, kutha
krajané, lan Damsyik ora luwih rosa
ketimbang karo Raja Rézin. Lan
mungguh Israèl, sajroné sewidak lima
taun bakal pecah lan ora madeg dadi
bangsa menèh.
9 Israèl ora luwih rosa ketimbang
Samaria, kutha krajané, lan Samaria ora
luwih rosa ketimbang karo Raja Pékah.
Menawa Ahas ora ngandel temenan karo
Aku, mesthi ora bakal lestari."
10 Gusti Allah banjur ngandika menèh
marang Ahas, dhawuhé,
11 "Kowé nyuwuna pretandha marang
Pangéran Allahmu, apa pretandha saka
donyané wong mati ing ngisor, apa
pretandha saka swarga ing dhuwur."

12 Unjuké Ahas, "Kawula mboten badhé
nyuwun pretandha. Kawula mboten
purun nyobi dhateng Pangéran."
13 Nabi Yésaya banjur matur, "Menawi
mekaten, dhuh tedhakipun Sang Prabu
Dawud, menapa dèrèng cekap enggèn
panjenengan damel pegeling manahipun
manungsa, ngantos panjenengan
samenika inggih damel pegeling
penggalihipun Allah?
14 Menawi mekaten, Gusti Allah
piyambak ingkang badhé paring
pretandha dhateng panjenengan,
mekaten: Badhé wonten prawan
ngandhut lan nglairaken anak jaler,
ingkang kanamakaken Immanuèl.
15 Menawi laré menika sampun ageng
lan sampun saged mbédakaken awon
lan saé, negari menika badhé ngalami
kemakmuran.
16 Déné sadèrèngipun menika,
negarinipun raja kekalih ingkang
panjenengan ajrihi menika badhé katilar
suwung.
17 Pangéran Allah badhé ndhatengaken
raja Asyur. Panjenengan lan brayat
panjenengan, sarta rakyat badhé
ngalami dinten-dinten ingkang kebak

kasisahan, awratipun ngungkuli
kasisahan ingkang sampun naté
panjenengan alami wiwit pecahipun
kraton Israèl lan Yéhuda.
18 Ing wekdal menika Pangéran badhé
nimbali tiyang Mesir lan tiyang Asyur.
Bangsa kekalih menika badhé sami
dhateng gegrombolan kados laler lan
tawon, neba ing jurang-jurang lan ing
growonganing séla-séla, tuwin ngrubung
rerungkudan eri lan grumbulan rumput.
19 (7:18)
20 Pangéran badhé ngagem raja Asyur
kanggé nelukaken, ngasoraken lan
ngremuk bangsa Israèl. Caranipun
kados tukang cukur, ingkang nyukur
sawernining rambut, ngantos dumugi
jénggotipun pisan.
21 Ing dinten menika badhé kelampahan
saupami wonten tiyang ingkang ngingah
lembu setunggal kaliyan ménda kalih,
22 susu pamedalipun kéwan-kéwan
ingahan wau badhé tirah kanggé nyekapi
kabetahanipun tiyang sebrayat, mergi
saking sekedhikipun tiyang ingkang
manggèn ing ngriku. Saèstu, umat
ing negari menika badhé ngraosaken
nikmatipun maben lan powan.

23 Kebon-kebon anggur ingkang
saé-saé, ingkang kataneman wit anggur
sèwu pengaos sèwu sèkel slaka, namung
badhé kethukulan eri lan rerungkudan.
24 Tiyang mboten wantun mrika menawi
mboten mbekta panah lan gendhéwa.
25 Punthuk-punthuk ingkang limrahipun
dipun tanemi, badhé kebak eri lan
rerungkudan, saha namung kasaba
déning lembu lan ménda ingkang sami
nyenggut ing ngriku. Nanging tiyang
mboten wonten ingkang purun mrika."
8 1 Pangéran ngandika marang aku
mengkéné, "Kowé njupuka papan
tulis sing amba, banjur tulisana sing
gedhé-gedhé: ‘Énggal Ngrayah, Énggal
olèh Jarahan.’
2 Golèka seksi loro sing temen, yakuwi
Imam Uria lan Zakharia bin Bèrékia."
3 Ora wetara suwé bojoku meteng.
Bareng karo lairé bayi, Pangéran
ngandika karo aku mengkéné, "Bocah
kuwi jenengna: ‘Énggal Ngrayah, Énggal
olèh Rayahan.’
4 Sebab, sadurungé bocah mau bisa
ngucap ‘Bapak’ lan ‘Ibu’, raja-branané
Damsyik lan jarahané Samaria bakal
diusung kabèh déning raja Asyur."

5 Gusti Allah ngandika menèh karo aku
mengkéné,
6 "Bangsa iki ngrèmèhaké banyu Siloah
sing iliné alon, lan wedi banget karo Raja
Rézin lan Raja Pékah.
7 Mulané Aku, Pangéran, bakal
nekakaké raja Asyur lan tentarané kabèh
supaya padha nyerang Yéhuda. Tekané
bakal kaya banjir bandhang sing lubèr
saka Bengawan Éfrat, nglangkahi gisiké,
8 banjur mlebu ngeleb Yéhuda, jeroné
sagulu lan ngeleb samubarang kabèh."
Allah nunggil karo kita! Swiwiné digelar
sajembaré negara kabèh kanggo
ngayomi kita.
9 Hé bangsa-bangsa kabèh, padha
ngumpula lan wedia! Hé tanah-tanah
salumahé bumi, padha rungokna. Padha
cecawisa perang lan padha girisa! Padha
cecawisa kalawan geter!
10 Padha rembugana, nanging
rembugmu bakal buyar. Padha gawéa
rancangan sakarepmu! Kabèh mau bakal
tanpa guna, sebab Allah nunggil karo
kita.
11 Gusti Allah wis ngandika karo aku,
supaya aku aja niru tingkah lakuné
bangsa kuwi. Pangandikané,

12 "Kowé aja pisan-pisan rerukunan karo
bangsa iki, lan aja wedi karo prekara-
prekara sing diwedèni wong-wong
kuwi.
13 Élinga, yèn Aku, Allahmu Mahakwasa
lan suci. Wedia marang Aku.
14 Sarèhné Aku Mahasuci, Aku dadi
watu sandhungan kanggoné wong
Yéhuda, Israèl lan Yérusalèm. Aku dadi
kala lan jaring tumraping wong-wong
mau.
15 Akèh wong sing bakal kesandhung
lan tiba, nganti remuk. Akèh sing bakal
klebu ing jiret lan ora bisa uwal."
16 Kowé para muridku, padha reksanen
lan padha tetepana wangsit sing
diparingaké déning Allah marang aku.
17 Gusti Allah ngaling-alingi wedanané[f]
marang Israèl, nanging aku precaya lan
nganti-anti Panjenengané.
18 Aku lan anak-anakku peparingé Allah
padha didadèkaké pretandha lan sasmita
ana ing Israèl déning Panjenengané,
kang angedhaton ing Gunung Sion.
19 Nanging ana wong sing akon kowé
njaluk pitulungan marang dhukun-
dhukun, sing miterang marang rohé

---

[f]wedana: pasuryan.

wong mati lan marang juru pétungan,
sing padha migunakaké japa-mantra.
Wong-wong kuwi padha muni, "Apa
ora prelu kita padha miterang marang
déwa-déwa kanggo kepentingané wong
urip?"
20 Wangsulana mengkéné, "Padha
ngrasak-ngrasakna angger-angger
lan dhawuhé Allah! Aja ngrungokaké
tembungé dhukun, merga kuwi ora ana
paédahé!"
21 Akèh wong kesrakat lan kaliren
bakal padha nglembara ing tanah
kéné. Wong-wong mau padha kurang
mangan lan padha nepsu, mula padha
ngipat-ipati ratu lan Allahé. Senajan
tumenga ing langit
22 utawa temungkul ing bumi, ora
bakal padha weruh apa-apa kejaba
mung kasangsaran lan pepeteng sarta
karupekan sing gawé seseking ati.
Mangka iya mrono kuwi parané enggoné
padha digiring.
9 1 Nanging ora suwé menèh wong-
wong kuwi bakal diluwari saka
kasangsaran mau. Tanahé taler Zébulon
lan taler Naftali kuwi tau diasoraké
déning Pangéran. Nanging mbésuk

tanah-tanah mau kabèh, wiwit saka
Segara Tengah tekan sabrangé Kali
Yardèn, malah tekan Galiléa sing
dienggoni bangsa-bangsa liya, bakal
olèh kaurmatan.
2 Bangsa sing manggon ing petengan
padha ndeleng pepadhang gedhé. Sing
pada ana ing petengé pati, padha
ngrasakaké padhangé awan.
3 (9-2) Bangsa menika sampun Paduka
paringi kabingahan ageng, dhuh Allah;
inggih sampun Paduka paringi kabegjan,
mila sami bingah-bingah margi saking
pendamel Paduka, kados tiyang ingkang
sami bingah-bingah ing mangsa panèn,
utawi ing wekdalipun sami ngedum
jarahan.
4 (9-3) Paduka sampun nyingkiraken
pikulan awrat saking pundhakipun,
saha pecut ingkang kanggé nyabeti
gegeripun. Paduka sampun ngawonaken
bangsa-bangsa ingkang nindhes lan
meres umat Paduka, inggih kados nalika
Paduka nelukakaken bala Midian kala
rumiyin.
5 (9-4) Sepatuning tentaranipun
mengsah lan sedaya sandhangan

ingkang gupak rah sami badhé
kasirnakaken ing latu.
6 (9-5) Ana bayi miyos kaparingaké
marang kita! Ana putra kakung
kapasrahaké marang kita! Panjenenganė
bakal jumeneng ratu kita. Asmané bakal
kasebut: "Kaélokan," "Juru Pirembag,"
"Allah Kang Kwasa," "Rama Langgeng,"
"Ratuning Tentrem Rahayu".
7 (9-6) Pangwasané bakal saya gedhé.
Kratoné selawasé bakal ngalami
katentreman. Panjenengané bakal
nggentosi kepréntahané Dawud,
leluhuré. Pepréntahané adhedhasar
kabeneran lan keadilan, wiwit saiki
nganti selawasé. Pangéran Allah
Kang Mahakwasa adreng penggalihé
nindakaké kuwi mau kabèh.
8 (9-7) Pangéran wis ndhawuhaké
paukuman marang Israèl, turuné Yakub.
9 (9-8) Sabangsa kabèh lan wong-wong
sing padha manggon ing kutha Samaria
bakal weruh yèn sing nindakaké Allah
piyambak. Saiki padha gemedhé lan
angkuh. Tembungé,
10 (9-9) "Omah-omahé gedhong padha
rubuh, aku arep ngedegaké menèh ora
nganggo bata, nanging nganggo watu

tatahan. Kayu sikmah wis entèk ditegori;
kanggo gantiné aku arep nganggo kayu
cemara saka Libanon, sing luwih apik."
11 (9-10) Pangéran wis ngosikaké atiné
mungsuh supaya nglawan Israèl.
12 (9-11) Saka Wétan Israèl bakal
diserang déning bangsa Siria, lan
saka Kulon déning bangsa Filistéa.
Éwasemono Gusti Allah isih duka lan
tetep arep ngukum Israèl.
13 (9-12) Sebab bangsa kuwi ora
mratobat marang Allah sing ngukum lan
ora nglakoni prenatané.
14 (9-13) Mulané sajroné sedina Allah
bakal ngukum para penggedhé lan
rakyaté. Endhas lan buntuté bakal
dikethok.
15 (9-14) Endhasé yakuwi para pinituwa
sing diaji-aji, buntuté para nabi sing
memulang piwulang nasar lan
16 (9-15) para penggedhéné sing padha
nasaraké rakyat sing dituntun.
17 (9-16) Bangsa kuwi wis murtad lan
murang-tata. Kabèh tembungé goroh
lan isiné mung piala. Mulané Pangéran
bakal ora nguwalaké saka bebaya para
nonomané. Bocah lola lan randhané
padha ora diwelasi. Senajan kabèh mau

kelakon, éwasemono paukumané Allah
durung kèndel. Astané tetep diagagaké
kanggo ngukum.
18 (9-17) Pialané bangsa Israèl
murub kaya geni sing ngobong eri lan
rerungkudan, banjur nglagar pang-pang
ing alas, nganti kukusé mumbul
kumelun.
19 (9-18) Paukumané Pangéran, Allah
Kang Mahakwasa sing ngobong tanah
iki, lan wong-wongé kadadèkaké pakané
geni. Wong padha tegelan; sing siji ora
ngéman karo sijiné.
20 (9-19) Wong sanegara padha
nggragas ngangah-angah, sembarang
dipangan, nanging padha ora wareg-
wareg. Anaké dhéwé padha dipangan!
21 (9-20) Wong Manasyè lan wong
Éfraim padha perang siji nglawan sijiné,
banjur karo-karoné nglurugi perang
wong Yéhuda. Senajan mengkono, Allah
isih duka, paukumané durung kèndel lan
tetep arep ngukum.

10

1 Cilaka kowé! Kowé padha gawé
prenatan sing ora adil, kokenggo
nindhes rakyat. Srana mengkono kowé
ngrampas haké wong miskin, nganti

padha ora olèh keadilan lan ngrampas
barang-darbèké randha lan bocah lola.
2 (10:1)
3 Nanging kepriyé bakal polahmu,
samasa Allah nekakaké pemales ing
dina pengadilan? Kowé arep apa yèn
Allah nekakaké pemales sing tekané
saka tanah adoh. Kowé arep mlayu
ngungsi menyang endi? Bandhamu arep
kokdhelikaké ana ing ngendi?
4 Kowé bakal mati ing peprangan
utawa digiring dadi tawanan. Senajan
mengkono, bebenduné Allah durung
kèndel lan astané isih diagagaké kanggo
ngukum.
5 Pangandikané Pangéran, "Asyur
Dakdadèkaké gebug ing asta-Ku kanggo
nggebugi wong sing Dakukum.
6 Asyur Dakutus merangi umat-Ku sing
murtad lan nekakaké paukuman-Ku.
Asyur Dakdhawuhi ngrampog lan
ngrampas sarta ngiles-iles umat-Ku kaya
lebuné dalan."
7 Nanging kersané raja Asyur dhéwé
ora mengkono. Yakuwi arep migunakaké
pangwasané manut rancanganė dhéwé.
Karepé kenceng olèhé arep nyirnakaké
bangsa pirang-pirang.

8 Kandhané karo angkuh mengkéné,
"Panglima-panglimaku rak raja kabèh.
9 Kutha-kutha Kalno, Karkhemis, Hamat
lan Arpad kabèh arep daktelukaké. Iya
kutha-kutha Samaria lan Damsyik.
10 Kraton-kraton sing padha nyembah
brahala sing pangwasané ngungkuli
brahala-brahala sing disembah ing
Yérusalèm lan ing Samaria, kabèh mau
bakal daktelukaké.
11 Samaria lan sakèhé brahalané bakal
dakremuk, mengkono uga sakèhé
brahala sing padha disembah ing
Yérusalèm."
12 Nanging Pangéran ngandika, "Sawisé
rampung apa sing arep Daktindakaké
ana ing Gunung Sion lan ing Yérusalèm,
raja Asyur bakal Dakukum merga saka
gemedhéné lan angkuhé."
13 Raja Asyur mau ngendika mengkéné,
"Kabèh mau bakal daktindakaké
nganggo kekuwatanku dhéwé. Aku
rosa, wicaksana lan trampil. Tapel
watesé para bangsa bakal dakilangi.
Simpenané bakal dakrampas. Para raja
lan penggedhéné bakal dakidak-idak
kaya banthèng ngidak-idak lemah.

14 Bangsa-bangsa ing jagad iki presasat
susuh manuk. Gampang waé barang-
darbèké dakjupuk, kaya wong ngukup
endhog saka susuh. Ora ana sing bakal
ngabruk utawa nothol utawa cemuwit."
15 Nanging Gusti Allah ngandika,
"Wadung apa kena gemunggung ana
ing ngarepé sing madung? Graji apa
luwih unggul ketimbang karo sing
migunakaké? Rak dudu penthung sing
ngangkat wong, nanging wong sing
ngangkat penthung!"
16 Sarèhné Asyur wis gemunggung,
Pangéran Allah Kang Mahakwasa bakal
nekakaké lelara kanggo ngukum para
perwira sing padha lemu ginuk-ginuk,
bakal padha ketekan lelara panas sing
ora lèrèn-lèrèn ngobong awaké.
17 Allah kang mahasuci, pepadhangé
Israèl, bakal kaya geni mulad-mulad sing
sajroning sedina ngobong samubarang
kabèh, dalah rerungkudan lan eri
bebondhotan pisan.
18 Alas-alas sing ketel lan palemahan-
palemahan subur bakal kasirnakaké
nganti tapis, kaya carané wong sing
disirnakaké déning pageblug.

19 Kekarèné wit sing urip bakal mung
sethithik, nganti kena diétung déning
bocah cilik.
20 Bakal ana wektuné wong Israèl sing
oncat lan kauwalaké ora ngendelaké
menèh marang para penggedhéné sing
mèh waé gawé sirnané saumat kabèh,
nanging bakal padha pasrah marang
Pangéran, Allahé Israèl kang mahasuci.
21 Kekarèné Israèl sing mung sethithik
cacahé, bakal mbangun-turut marang
Allah Kang Mahakwasa.
22 Senajana umat Israèl saiki cacahé
kaya wedhiné segara, mung sethithik
sing bakal mratobat. Dina panumpesan
kuwi wis cedhak, lan wis samesthiné
umat iki katumpes.
23 Allah Kang Mahakwasa piyambak sing
bakal numpes; kuwi wis dadi putusané
Allah, lan ora kena diowahi.
24 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
marang umaté sing manggon ana ing
Sion, "Kowé aja wedi karo wong Asyur,
senajan kowé ditindhes kaya caranè
wong Mesir dhèk biyèn nindhes kowé.
25 Kowé bakal Dakukum mung sedhéla,
nuli gentèn wong Asyur sing Daktumpes.

26 Aku Allah Kang Mahakwasa, wong-
wong mau bakal Dakpecut nganggo
cemethi, kaya enggon-Ku ngajar wong
Midian ing Gunung watu Orèb. Asyur
bakal Dakukum, kaya carané enggon-Ku
ngukum Mesir.
27 Ing kono Aku bakal ngluwari kowé
saka Asyur, lan Asyur bakal ora ngerèh
kowé menèh."
28 Tentarané Asyur wis ngrebut kutha
Ai! Malah wis maju ngliwati Migron!
Sanguné pangan lan liya-liyané ditinggal
ana ing Mikmas!
29 Banjur padha nyabrang lan nginep
ana ing Géba! Wong sing padha manggon
ing Rama wis gemeter kabèh. Wong sing
padha manggon ing Gibéa, kuthané Raja
Saul, wis padha ngungsi.
30 Hé wong sing padha manggon ing
Galim, ing Laisa lan ing Anatot! Padha
sing ngati-ati!
31 Wong sing manggon ing kutha
Madména lan ing Gébim padha mlayu
ngungsi.
32 Dina iki mungsuh wis tekan kutha
Nob, lan tata-tata nglumpukaké
kekuwatan kanggo nyerang Gunung Sion
lan kutha Yérusalèm.

33 Nanging Pangéran, Allah Kang Mahakwasa bakal ngrubuhaké wong-wong mau kaya pang sing disempal saka wité. Ing antarané wong-wong sing gedhé dhéwé pangkaté lan pangwasané, bakal dirubuhaké lan digawé wirang.
34 Pangéran bakal ngrubuhaké wong mau kaya wit ing alas sing ditegor nganggo wadung. Senajan kekuwatané kaya wit sing gedhé dhéwé ing Libanon, meksa iya bakal padha rubuh!

11 1 Tedhak-turuné Raja Dawud kuwi kaya wit sing ditegor. Nanging tunggaké metu sogolané,[g] mengkono uga saka tedhaké Dawud bakal ana sing dadi raja.
2 Panjenengané bakal katedhakan Rohé Pangéran, Rohé kawicaksanan lan pangertèn, mula merga déning Roh mau Panjenengané pinter gawé putusan, nuli ditindakaké, mengkono uga merga saka Roh mau Panjenengané pirsa apa sing dadi kersané Gusti Allah, banjur dièstokaké.
3 Ngèstokaké kersané Allah kuwi dadi kasenengané. Enggoné ngadili ora mung

---

[g]sogolan: thukulan ing wit (tunas: bhs. Ind.).

sakepénaké utawa manut kandhané
wong.
4 Prekarané wong cilik bakal diputusi
kalawan adil; wong kesrakat dibéla
nganti menang; wong sing salah
didhawuhi ngukum, lan wong ala
ditumpes.
5 Pepréntahané didhasari keadilan lan
bebeneran.
6 Asu ajag bakal rukun karo cempé,
lan macan tutul bakal njerum jèjèr karo
wedhus bérok. Pedhèt lan anak singa
bakal reruntungan, diengon déning
bocah cilik.
7 Sapi lan bruwang bakal nyenggut
suket bebarengan, lan anak-anaké
padha jèjèr njerum sapanggonan. Singa
lan sapi padha-padha mangan damèn.
8 Bocah cilik padha dolanan ula mandi
tanpa wedi.
9 Ing Sion, Gunungé Suci Allah, ora ana
sing gawé piala utawa sing gawé bilai.
Wong sanegara bakal padha tepung karo
Gusti Allah, lan kawruhé bab Gusti Allah
bakal sampurna.
10 Ing wektu kuwi bakal kelakon
bangsa-bangsa sing ora tepung karo
Gusti Allah padha nggolèki tedhaké Raja

Dawud mau. Bakal padha nglumpuk ana
ing kutha krajan lan saos pakurmatan
marang Panjenenganè.
11 Gusti Allah bakal sepisan menèh
ngagem pangwasané, ngulihaké
kekarèné umaté sing ana ing Asyur lan
ing Mesir, ing tanah Patros, Sudan, Élam,
ing Babil, ing Hamat lan ing pulo-pulo
ing segara.
12 Pangéran bakal ngedegaké umbul-
umbul minangka pretandha kanggo para
bangsa, yèn Panjenenganè nglumpukaké
bangsa Israèl lan bangsa Yéhuda sing
padha pating slebar; bakal padha
diulihaké saka kéblat papat.
13 Ing kono kraton Israèl bakal ora mèri
menèh karo Yéhuda, lan Yéhuda bakal
ora memungsuhan karo Israèl.
14 Karo-karoné bakal nyerang bangsa
Filistin sing ana ing Kulon lan njarah-
rayah bangsa-bangsa sing ana ing
Wétan. Tanahé bangsa Édom lan bangsa
Moab bakal dienggoni, lan bangsa Amon
bakal ditelukaké.
15 Pangéran bakal ndadèkaké Teluk
Suèz asat. Panjenenganè bakal nekakaké
angin panas sing ngasataké Bengawan
Éfrat, banjur didadèkaké kali pitu

sing cethèk, nganti saben wong bisa
nyabrang.
16 Kekarèné wong Israèl sing isih ana
ing Asyur, bakal nemokaké dalan gedhé
kanggo metu saka Asyur, kaya nalika
para leluhuré metu saka tanah Mesir.

12 1 Bakal tekan wektuné wong-
wong padha menyanyi mengkéné,
"Dhuh Allah, kawula saos sokur dhateng
Paduka margi Paduka ngukum kawula,
nanging sakmenika sampun luwar.
2 Allah sing ngluwari aku; aku bakal
kumandel lan ora kuwatir, merga Allah
sing paring kekuwatan marang aku.
Panjenenganè kuwi pepujanku, lan tuké
pitulunganku.
3 Kaya banyu gawé segeré wong
ngorong, mengkono uga umaté
Allah padha bungah-bungah samasa
dipitulungi déning Allah."
4 Bakal tekan wektuné wong padha
menyanyi, "Saosa puji sokur marang
Allah, padha ndedongaa nyuwun
pitulungané. Kaluhurané lan pakaryané
wartakna marang para bangsa.
5 Padha ngunjukna kekidungan marang
Allah, merga Panjenengané nindakaké
kaélokan akèh. Karebèn wong salumahé

bumi padha krungu bab pakaryané sing
élok.
6 Wong sing manggon ing Sion, padha
surak-suraka lan memujia kalawan
bungah, merga Allahé Israèl kang
mahaluhur lan suci dedalem ana ing
tengahé umaté."

13 1 Wangsité Gusti Allah sing
diparingaké marang Yésaya bin
Amos bab kutha Babil mengkéné:
2 Manjera umbul-umbul perang ana
ing pucuk gunung sing gundhul! Para
prejurit padha bengokana: tanganmu
acungna minangka tandha yèn kudu
padha nyerbu kutha sing angkuh kuwi,
karo njebol gapura-gapurané,
3 Gusti Allah wis nimbali prejurit-prejurit
pilihan sing rosa-rosa, sing kendel lan
kena diendelaké kanggo nyerang lan
ngukum wong-wong sing diukum déning
Allah.
4 Rungokna swara gemuruh ing
pegunungan swarané wong akèh sing
padha nglumpuk, gemederé bangsa-
bangsa lan kraton-kraton sing padha
ndhapuk pepanthan-pepanthan. Allah
Kang Mahakwasa lagi mriksa barisan
sing siaga ing perang.

5 Asalé saka tanah-tanah adoh ing endi-
endi, kanggo nyirnakaké salumahing
bumi merga saka dukané.
6 Padha sesambata, merga dinané
Pangéran wis cedhak. Ing dina kuwi
Pangéran bakal nekakaké karusakan.
7 Saben wong tanganė tengen bakal
apus lan ora duwé daya.
8 Wong kabèh bakal ketaman giris
lan kecandhak ing lara kaku saawak
sekojur, ngolang-ngaling kaya wong
wadon nglarani. Wong-wong mau padha
pandeng-pandengan kanthi ati semplah,
rainé abang mbranang merga kwirangan.
9 Lah, wis tekan dinané Pangéran. Ing
dina kuwi Pangéran ngetingalaké dukané
kaya geni sing mulad-mulad. Bumi bakal
didadèkaké karang abang, wongé ala
dilebur.
10 Lintang-lintang ing langit bakal ora
ana soroté. Srengéngé samasa mlethèk
bakal dadi peteng, lan rembulan bakal
ora nyunaraké padhangé.
11 Pangandikané Pangéran, "Bumi bakal
Daksiksa lan sakèhé wong ala bakal
Dakukum merga saka dosa-dosané.
Wong gemedhé bakal Dakasoraké, wong
angkuh lan ambek siya bakal Dakukum.

12 Wong sing bisa oncat bakal mung sethithik cacahé, luwih langka lan larang regané ketimbang karo emas sing murni.
13 Ing dina kuwi langit bakal gemeter lan bumi gonjang-ganjing merga saka paukumané Pangéran, Allah Kang Mahakwasa.
14 Wong manca sing manggon ing Babil bakal énggal-énggal mlayu bali menyang negarané dhéwé-dhéwé. Padha pating slebar kaya kidang sing keplayu ngoncati juru bedhag, utawa kaya wedhus sing ditinggal pangoné.
15 Sapa waé sing kecandhak bakal ditumbak nganti mati.
16 Wong-wong mau bakal weruh bayi-bayiné dibantingi, omah-omahé dirampog lan bojoné dirusak kaurmatané."
17 Pangandikané Pangéran, "Wong Madai Dakojok-ojoki nyerang kutha Babil. Wong kuwi ora gelem disuap nganggo slaka lan emas.
18 Para nonoman bakal padha dipatèni nganggo panah lan gendhéwa. Wong-wong kuwi ora ngéman bayi utawa bocah.

19 Ing antarané kraton-kraton kabèh.
Babil sing éndah dhéwé, sing diegung-
egungaké déning rakyaté. Nanging Aku,
Pangéran, bakal numpes kutha Babil
kaya carané enggon-Ku numpes Sodom
lan Gomora.
20 Ora ana wong siji waé sing kliwatan.
Ing kono bakal ora ana wong Arab sing
ngedegaké kémahé lan ora ana pangon
sing bakal angon wedhusé.
21 Mung kéwan alasan waé sing
bakal manggon ana ing kono. Manuk
beluk bakal nusuh, semono uga
manuk unta bakal manggon ing
kono. Wedhus-wedhus alasan bakal
padha jingkrak-jingkrak ing antarané
jejugrugan.
22 Asu ajag lan asu wawar bakal padha
mbaung ana ing menara-menara lan ing
kedhaton-kedhaton Babil. Kraton kuwi
wis nyedhaki dinaning sangsarané. Kena
diétung, kari pirang dina engkas."

14 1 Pangéran bakal melasi marang
Israèl, umat kagunganè, lan
dipilih menèh dadi kagunganè. Bakal
padha diulihaké menyang negarané
dhéwé. Wong manca bakal padha

teka lan manggon ing kono menèh
bebarengan karo umat mau.
2 Akèh bangsa sing bakal nulungi
Israèl supaya bali menyang negarané
dhéwé, negara peparingé Pangéran. Ing
kana bangsa-bangsa mau bakal padha
ngawula marang Israèl. Wong-wong sing
biyèn mboyong Israèl, bakal gentèn
ditawan lan sing biyèn nyia-nyia bakal
gentèn ditindhes.
3 Pangéran bakal ngluwari bangsa Israèl
saka kasangsarané, lan saka pegawéan
peksan sing kudu dilakoni.
4 Samasa nindakaké iki kabèh, wong
Israèl ngidung moyoki raja Babil
mengkéné, "Raja sing ambek siya wis
ambruk! Wis ora bakal bisa nindhes
menèh.
5 Pangéran wis mungkasi pepréntahané
para penggedhé sing ala,
6 sing karo nepsu nindhes lan tansah
nganiaya bangsa-bangsa telukané.
7 Saiki salumahé bumi bakal ngalami
katentreman, lan kalawan ayem saben
wong bakal padha ngidung kanthi
bungah.

8 Wit sanobar[h] lan wit cemara ing
Libanon bakal padha bungah-bungah
merga raja sing ambek siya kuwi wis
mati, lan saiki ora ana wong sing akon
negori wit-wit mau!
9 Donyané wong mati wis siaga mapag
raja Babil mau. Rohé wong-wong sing
biyèn padha nyekel pangwasa ing bumi
lan rohé para raja padha gumrégah
tangi.
10 Kabèh padha mbagèkaké tekané raja
Babil, ‘Hé, kowé saiki padha karo aku,
apes lan ora duwé daya!
11 Biyèn kowé diurmati nganggo
swaraning kecapi, nanging saiki kowé
wis ana ing panggonané wong mati
sing sepi. Saiki peturonmu singgat, lan
kemulmu cacing.’
12 Hé raja Babil, biyèn kowé kaya
lintang panjer ésuk sing padhang soroté,
nanging saiki wis tiba saka langit! Biyèn
bangsa-bangsa koktelukaké, saiki kowé
sing dibanting ing lemah.
13 Biyèn tékadmu arep mapanaké
dhamparmu ana ing sandhuwuré
lintang-lintang sing dhuwur dhéwé!
Pangiramu kowé bisa manggon ana ing

---

[h]sanobar: beros.

gunung sisih Lor, panggonané para déwa
padha mlumpuk.
14 Ujarmu kowé arep munggah ing
sandhuwuré awang-awang lan dadi kaya
Pangéran Kang Mahaluhur.
15 Mangka saiki kowé dibanting lan
dicemplungaké ing donyané wong mati
sing jero dhéwé.
16 Kabèh sing ana ing panggonan kono
bakal ndeleng lan namataké kowé.
Bakal padha takon, ‘Apa iki wongé sing
biyèn gawé geteré bumi lan ngoregaké
negara-negara?
17 Apa iki wongé sing nggempuri
kutha-kutha didadèkaké ara-ara
samun? Apa iki wongé sing ora tau
ngluwari wong-wong sing ditawan utawa
ngulihaké wong-wong mau?’
18 Raja-raja ing bumi kabèh padha
sumaré ing pesaréané kang éndah,
19 nanging kowé ora duwé kuburan.
Jisimmu mung dibuwang, banjur bosok
dhéwé lan ditindhihi jisim-jisimé para
serdhadhu sing mati ing peprangan, sing
padha dibuwang mengkono waé ana ing
luwangan watu, banjur diidak-idak.
20 Negaramu wis koktumpes dhéwé.
Mulané kowé bakal ora dikubur kaya

raja-raja liyané. Sedulur-sedulurmu sing
ala siji waé ora ana sing bakal ditulungi.
21 Panyembelèhan bakal énggal diwiwiti!
Anak-anakmu bakal mati krana dosané
para leluhuré. Siji waé ora ana sing bakal
dadi raja utawa mbangun kutha-kutha."
22 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Babil arep Dakserang,
banjur Dakrubuhaké. Wong siji waé ora
ana sing bakal Dakslametaké, senajan
bocah pisan ora bakal Dakuripi. Aku,
Pangéran wis ngandika.
23 Babil bakal Dakdadèkaké rawa sing
dienggoni manuk beluk. Babil bakal
Daksapu resik. Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa wis ngandika!"
24 Pangéran Kang Mahakwasa supaos,
"Apa sing wis Dakrancang bakal
Daktindakaké.
25 Wong Asyur sing ana ing tanah-Ku
Israèl bakal Daktumpes, lan sing padha
manggon ing gunung-gunung-Ku bakal
Dakidak-idak. Umat-Ku bakal Dakluwari
saka panindhesé wong Asyur.
26 Iya mengkono kuwi sing bakal
Daktindakaké ana ing bumi. Mengkono
pangancam-Ku tumrap para bangsa."

27 Pangéran Kang Mahakwasa wis
mutus arep nindakaké kuwi mau kabèh.
Astané diagagaké kanggo ndhawuhaké
paukuman, lan ora ana wong sing bisa
nyegah kersané.
28 Ing taun sédané Raja Ahas, ana
wangsit mengkéné,
29 Hé bangsa Filistéa, gitik sing kanggo
nggebugi kowé wis putung, nanging
kowé aja bungah-bungah, sebab saka
ula sing mati njedhul ula sing luwih
mandi, lan tetesané ula mandi mau ula
sing bisa mabur.
30 Kowé bakal ngalami paceklik, mangka
ora ana sing bisa oncat. Allah bakal
jumeneng Pangoné wong-wong miskin
ing antarané umaté. Uripé bakal direksa
supaya ayem tentrem.
31 Padha ngadhuh-adhuh lan sesambata
njaluk tulung, hé kutha-kutha Filistin!
Padha wedia lan girisa! Ana kukus
kemebul teka saka Lor, tandha
tekané tentara akèh lan kuwat, tur
kendel-kendel.
32 Para utusané wong Filistéa sing teka
lan takon arep kita wangsuli kepriyé?
Bakal kita wangsuli, yèn Pangéran wis

mbangun Sion lan umaté sing nandhang
sangsara bakal ngungsi mrana.

15

1 Wangsité Pangéran kanggo Moab
mengkéné: Kutha Ar lan Kir wis
disirnakaké sajroné sawengi, lan tanah
Moab wis malih dadi sepi.
2 Wong-wong sing manggon ing Dibon
padha munggah ing punthuk-punthuk
karo nangis ana ing panggonané
brahala-brahala sing disembah. Wong
sing padha manggon ana ing Moab padha
nangisi kutha Nebo lan Médeba. Sirahé
lan jénggoté padha dicukur minangka
tandha yèn lagi padha kepatèn.
3 Ing dalan-dalan padha nganggo bagor,
tandha yèn lagi susah. Ing alun-alun lan
ing payon-payoné omah wong padha
sesambat karo nangis.
4 Wong Hèsbon lan Eléalé padha jerit-
jerit nganti keprungu tekan Yahas. Para
serdhadhu dhéwé iya padha gemeter.
Wis ilang kekendelané.
5 Aku mesakaké karo Moab! Wong
sing manggon ana ing kono padha
ngungsi menyang kutha Zoar lan kutha
Églat-Selisia. Ana sing munggah ing
dalan sing tekan Luhit karo nangis; ana
sing mlayu menyang Horonaim karo

sambat-sambat lan ngadhuh-adhuh
seru.
6 Banyuné Kali Nimrin lan suket sing
thukul ing pinggirané wis garing kabèh,
ora ana thethukulan siji waé sing isih ijo.
7 Wong padha nasak metu Lebak
Haarabim, karepé arep nylametaké
raja-branané.
8 Ing ngendi-endi ing tapel watesé Moab
keprungu tangisé wong. Sesambaté
keprungu tekan Églaim lan Beèr-Élim.
9 Ing Dibon banyuné kali malih dadi
abang merga kecampuran getih. Lan
Gusti Allah bakal nekakaké prekara-
prekara sing luwih nggegirisi menèh
tumrap wong-wong ing kana. Algojo sing
diutus mrana bakal matèni wong Moab
kabèh sing isih urip.
16 1 Saka kutha Sela, sing dunungé
ana ing ara-ara samun, bangsa
Moab ngaturaké cempé wedhus gèmbèl
disaosaké marang Sang Raja ing
Yérusalèm.
2 Wong-wong Moab padha ngentèni
ing sapinggiring Kali Arnon karo mlaku
mrana-mréné, kaya manuk sing digusah
saka susuhé.

3 Pangucapé marang bangsa Yéhuda,
"Kandhaa, aku kokkon nglakoni apa?
Aku butuh pengayomanmu, kaya wit
sing awèh pengayoman ing wayah awan.
Aku dakngéyub ing ngisoré. Aku rak
wong ngungsi. Aku dhelikna supaya ora
ditemu wong sing nggolèki aku, aja
gawé sengsaraku.
4 Aku dakmondhok ing negaramu.
Aku uwalna saka tangané wong-wong
sing arep numpes aku." (Panindhes
lan pangrusak bakal mandheg, lan
wong-wong sing nggempur Israèl bakal
lunga saka kono.
5 Sawisé mengkono bakal ana tedhaké
Dawud sing dadi raja lan kuwi bakal
ngerèh bangsané kalawan asih lan setya,
keadilan bakal dijejegaké menèh lan
kabeneran bakal ditindakaké.)
6 Wangsulané bangsa Yéhuda, "Aku wis
ngerti yèn bangsa Moab kuwi angkuh,
gemunggung lan lumuhur-luhur, nanging
tembungé ora ana tegesé."
7 Bangsa Moab bakal nggresah
ngrasakaké kasangsarané. Kabèh bakal
padha nangis yèn kèlingan pangan
énak sing dipangan ana ing kutha

Kir-Harèsèt, bakal padha semplah lan
ngadhuh-adhuh.
8 Palemahan-palemahan ing sacedhaké
Hèsbon lan kebon-kebon anggur ing
Sibma wis rusak kabèh, yakuwi kebon-
kebon sing adaté ngasilaké anggur sing
apik dhéwé minangka ombèn-ombèné
para penggedhé. Lumrahé wong-wong
mau padha ngombé anggur nganti
mendem. Biyèn kebon-kebon anggur
kuwi jembaré nganti tekan kutha Yaézèr.
Mengétan nganti tekan segara wedhi,
mengulon tekan sabrangané Segara
Mati.
9 Saiki enggonku nangisi anggur Sibma
kaya enggonku nangisi Yaézèr. Aku
nangisi Hèsbon lan Eléalé merga panèné
padha wurung.
10 Ora ana wong sing bungah atiné
ndeleng palemahan sing biyèn subur
banget. Ora ana wong sing guneman
sora lan ora ana wong ura-ura ana
ing kebon anggur. Ora ana wong
mipit anggur lan ngolah angguré dadi
ombèn-ombèn. Wis ora ana swarané
wong surak-surak menèh.
11 Atiku remuk ndeleng kaanané Moab
lan Kir-Harèsèt.

12 Wong Moab kanthi rekasa munggah
menyang gunung panggonané ngibadah
lan sembahyang, nanging ora ana asilé.
13 Kaya mengkono wangsité Pangéran
sing biyèn kaparingaké tumrap Moab.
14 Saiki Pangéran ngandika, "Telung
taun engkas, pas kaya wektu iki,
kasugihané Moab bakal sirna kabèh.
Rakyaté sing saiki akèh cacahé bakal
kari sethithik banget, tur ora duwé
kekuwatan apa-apa."
17 1 Pangéran ngandika, "Damsyik
bakal ora wujud kutha menèh,
nanging dadi jugrugan.
2 Kutha-kutha ing Siria bakal ditinggal
suwung selawas-lawasé sarta dadi
panggonané sato kéwan. Ora ana wong
sing bakal nggusah saka kono.
3 Israèl bakal loyo lan ora duwé
kekuwatan. Damsyik bakal kélangan
kamardikané. Kekarèné wong Siria
uripé bakal nandhang kanisthan, kaya
wong Israèl. Aku, Pangéran, Allah Kang
Mahakwasa wis ngandika."
4 Pangandikané Allah menèh, "Bakal
kelakon, kaluhurané Israèl wis tamat,
lan kasugihané malih dadi kemlaratan.

5 Israèl bakal dadi kaya tegalan ing
Réfaim sawisé gandumé entèk dipanèni.
6 Kaya wit zaitun sing wohé entèk
diundhuh, kari siji loro sing ana ing
pucuk, lan sawetara sing ana ing
pang-pang rada ngisor. Kaya mengkono
bakal kekarèné bangsa Israèl, mung
sethithik sing bakal dislametaké. Aku,
Pangéran Allahé Israèl, wis ngandika."
7 Ing dina mau wong bakal bali nyuwun
tulung marang Pangéran, kang nitahaké,
iya Allahé Israèl.
8 Wong-wong kuwi wis ora ngarep-
arep asiling penggawéné dhéwé, ora
nggatèkaké mesbèh-mesbèh panggonan
ngobong dupa lan reca-recané Dèwi
Asyéra.
9 Ing dina kuwi kutha-kutha sing dijaga
kuwat bakal dadi jugrugan lan sepi
nyenyet, kaya kutha-kutha sing ditinggal
suwung déning wong Hèwi lan wong
Amori nalika padha keplayu dioyak wong
Israèl.
10 Israèl, kowé wis lali karo Allah sing
nylametaké lan ngreksa kowé kaya
gunung watu sing sentosa. Kosokbaliné,
kowé wis padha yasa taman-taman
kanggo nyembah brahala.

11 Senajan taman-taman mau padha thukul lan sanalika metokaké kembang, éwasemono bakal ora ana asilé sing kena kokpethik. Sing bakal kokalami mung kasusahan lan kasangsaran sing ora entèk-entèk.
12 Bangsa-bangsa gedhé lagi padha gemuruh, kaya gemuruhé segara lan jumeguré ombak gedhé-gedhé.
13 Tekané gemrudug kaya ombak gegulungan. Nanging padha diancam déning Pangéran, banjur padha mundur, disebul kaya awu saka pèrènging gunung, utawa kaya mrambut kabur ing angin.
14 Ing wayah soré padha gawé geter, nanging ing wayah ésuk wis ora ana tilasé. Mengkono nasibé saben wong sing ngrayah kita.

18 1 Ing sabrangé kali-kali Sudan ana negara sing misuwur merga swarané swiwi manuk sing padha mabur.
2 Saka negara kono tekané utusan-utusan sing medhun menyang segara nunggang prau glagah ing Bengawan Nil. Hé para utusan sing trengginas, padha énggal balia menyang negaramu. Wangsit iki gawanen kanggo bangsamu

sing gagah prakosa, sing wong-wongé
pawakané gedhé dhuwur, kulité klimis
lan diwedèni wong sajagad.
3 Hé wong kabèh manggon ing
bumi! Padha awasna, samasa ana
umbul-umbul ditancepaké ana ing
punthuk-punthuk! Padha ngrungokna
samasa ana swaraning slomprèt!
4 Pangéran wis ngandika marang aku,
"Saka kedhaton-Ku Aku bakal mirsani
bumi kalawan tentrem, tentrem kaya
bun sing tiba ing wayah bengi, lan cetha
kaya padhangé srengéngé ing mangsa
panèn lan panas.
5 Sadurungé mangsa ngundhuh
wowohan, mangsané kembang padha
tiba lan woh anggur mateng ing wit,
Sudan bakal diserbu déning mungsuh
kanthi gampang, kaya gampangé magas
pang-pangé wit anggur nganggo péso.
6 Mayité para prejurit bakal ditinggal
ngono waé, dadi mangsané manuk-
manuk lan kéwan galak. Ing mangsa
ketiga dadi mangsané manuk-manuk,
ing mangsa rendheng dadi mangsané
kéwan galak."
7 Bakal tekan wektuné negara sing
akèh kaliné kuwi nyaosaké pisungsung

marang Pangéran Kang Mahakwasa, yakuwi saka bangsa sing gagah prakosa, sing wongé pawakané gedhé dhuwur lan klimis kulité lan diwedèni déning wong sajagad kabèh. Wong-wong mau bakal padha sowan ing Gunung Sion ngaturaké pisungsungé ing Pedalemané Pangéran Allah Kang Mahakwasa.

19 1 Wangsit kanggo Mesir. Pangéran rawuhé ing Mesir nitih méga rerikatan. Para brahala ing Mesir padha gemeter lan wong Mesir padha cilik atiné.

2 Pangandikané Pangéran, "Aku bakal gawé memungsuhan ing antarané wong Mesir siji karo sijiné, sedulur nglawan sedulur, tangga karo tangga. Kutha sing siji perang karo kutha sijiné, lan raja-rajané bakal memungsuhan rebutan pangwasa.

3 Rancangané Mesir bakal Dakbatalaké lan atiné Dakgawé judheg. Wong Mesir bakal padha njaluk pitulungan marang brahala-brahalané, njaluk pituduh marang para dhukun lan roh-rohé wong mati.

4 Mesir bakal Dakulungaké ing tanganéraja sing ambek siya, sing ngerèh rakyaté

sewenang-wenang. Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa wis ngandika."
5 Banyuné Bengawan Nil bakal surut lan
suwé-suwé asat.
6 Merga banyuné saya suda mula
ambuné bakal tambah bacin. Glagah lan
suket-suketé bakal alum.
7 Sakèhé pembibitan ing sauruté
Bengawan Nil bakal dadi garing sarta
kabur katut ing angin.
8 Wong golèk iwak bakal ngesah-esah
merga pancing lan jalané ora ana
paédahé.
9 Wong sing nenun kain léna bakal
semplah atiné;
10 mengkono uga wong ngantih lan
tukang-tukang liyané bakal padha
ngenes lan nglokro.
11 Para penggedhé ing Zoan pancèn
bodho! Penaséhaté sing wicaksana
dhéwé ing Mesir waé pituduhé ngawur!
Padha wani matur ing ngarsané raja,
yèn wong kuwi turuné wong sidik lan
raja-raja ing jaman kuna!
12 Hé raja ing Mesir, ana ing ngendi para
penaséhat kabèh? Kuduné rak padha
ngerti apa sing karancang déning Allah
Kang Mahakwasa kanggo Mesir.

13 Para penggedhé ing Zoan lan Mèmfis
kuwi bodho-bodho. Kuwi dudu penuntun,
nanging tukang nasaraké rakyat.
14 Gusti Allah piyambak sing ngesokaké
roh goroh marang atiné para penggedhé
mau, nganti padha nasaraké salakuné
bangsa Mesir, wekasané apa sing
ditindakaké déning wong Mesir sarwa
salah, lan lakuné bangsa mau gloyoran
kaya wong mendem lan wekasané tiba
keplèsèt ana ing utah-utahané dhéwé.
15 Ora ana wong sing bisa ngentas
Mesir, dadia pangwasa, utawa rakyat,
wong gedhé apa wong cilik.
16 Mbésuk bakal kelakon bangsa Mesir
padha kaya wong wadon sing isinan
lan jirih. Bakal padha gemeter lan
giris menawa ndeleng Pangéran Kang
Mahakwasa ngagagaké astané ngancam
arep ngukum.
17 Pangéran Kang Mahakwasa wis
damel keputusan tumrap Mesir. Saben
diélingaké bab keputusan kuwi banjur
padha wedi karo Yéhuda.
18 Ing wektu kuwi basa Ibrani bakal
dienggo ana ing kutha lima ing tanah
Mesir. Wong-wong ing kutha-kutha mau
padha sumpah demi asmané Allah Kang

Mahakwasa. Kutha-kutha mau ana sing
jenengé: "Kutha Srengéngé".
19 Ing tengahé tanah Mesir bakal ana
mesbèhé Pangéran lan ing tapel watesé
ana tugu pangéling-éling konjuk marang
Pangéran.
20 Mesbèh lan tugu mau minangka
prelambang yèn Pangéran Kang
Mahakwasa dedalem ana ing tanah Mesir
kono. Yèn ditindhes, bangsa mau bakal
ndedonga nyuwun tulung marang Allah,
lan Panjenengané bakal utusan wong
sing nylametaké.
21 Gusti Allah bakal medharaké sariranė
piyambak marang bangsa Mesir, mula
bakal padha wanuh karo Panjenenganė
lan saos pangabekti. Wong-wong Mesir
mau bakal padha ngucapaké kaul konjuk
ing Allah nganggo sumpah.
22 Pangéran bakal nggitiki wong Mesir,
nanging sawisé mengkono tatuné bakal
ditambani nganti pulih.
23 Ing wektu kuwi bakal ana dalan
gedhé saka Mesir menyang Asyur. Wong
Asyur bakal padha menyang tanah Mesir,
lan wong Mesir padha menyang Asyur,
lan kekaroné bakal padha bebarengan
ngabekti marang Pangéran.

24 Ing wektu semana kalungguhané
Israèl bakal padha karo Mesir lan Asyur,
lan bangsa tetelu mau bakal padha dadi
berkah tumrap sakèhé bangsa ing bumi.
25 Pangéran Allah Kang Mahakwasa
bakal mberkahi bangsa teteluné lan
ngandika, "Aku mberkahi kowé, hé
Mesir, umat-Ku, sarta Asyur, pakaryané
asta-Ku, lan Israèl kagungan-Ku."
20 1 Atas préntahé Sargon, raja
Asyur, panglimané tentara Asyur,
nyerang Asdod, kutha ing tanah Filistin.
2 Telung taun sadurungé, Pangéran
ngutus Yésaya bin Amos, nyopot sandhal
lan sandhangan bagor sing dienggo. Nabi
Yésaya ngèstokaké dhawuh mau, banjur
mlaku wuda lan ora nganggo sandhal.
3 Bareng kutha Asdod dikepung,
Pangéran ngandika, "Yésaya abdi-Ku
wis telung taun lawasé wuda lan ora
sandhalan. Kuwi minangka tandha bab
lelakon sing bakal dialami déning Mesir
lan Étiopia.
4 Wong-wong Mesir lan wong Étiopia
bakal ditawan déning raja Asyur lan
digiring karo wuda lan tanpa trumpah
telung taun lawasé. Wong tuwa, wong
nom, kabèh padha wuda lan tanpa

sandhal, sarta padha katon bokongé
supaya Mesir kwirangan.
5 Wong sing padha ngendelaké Mesir
lan Étiopia bakal padha kecuwan lan
entèk pengarep-arepé.
6 Ing wektu kuwi wong sing padha
manggon ing pesisir Filistéa bakal padha
muni, ‘Delengen apa kedadéané bangsa
sing kita endelaké, sing kita jagakaké
bisa mitulungi kita saka tangané raja
Asyur. Mokal yèn kita bisa oncat nganti
slamet.’"
21 1 Pangandikané Allah tumrap Babil
mengkéné, "Kaya prahara sing
nyaponi ara-ara samun, kaya mengkono
bakal tekané karusakan ing tanah sing
kaanané lagi gawat.
2 Wahyu sing nggegirisi kawangsitaké
marang aku, mengkéné surasané,
‘Tentarané Élam, nyeranga. Tentarané
Madai, ngepunga! Aku arep mungkasi
kasangsaran sing digawé déning Babil!’"
3 Apa sing dakdeleng lan dakrungu
sajroning wahyu gawé geterku. Bojoku
lara banget, kaya wong wadon sing
nglarani.

4 Sirahku ngelu, atiku trataban. Aku
ngarep-arep tekané wayah soré, bareng
wis teka, mung gawé giris thok.
5 Ing wahyu mau aku weruh ana
dhaharan ditata, mengkono uga
panggonan sing arep dilungguhi para
tamu. Dumadakan ana aba, "Para
perwira! Tamèngmu angkaten!"
6 Gusti Allah banjur ngendika marang
aku mengkéné, "Lungaa, nugasna wong
ing pejagan. Konen nglapuraké apa sing
dideleng.
7 Yèn weruh wong nunggang jaran
ngloro-ngloro, wong nunggang kuldi lan
unta, kudu ditamataké sing temenan."
8 Wong sing jaga mau banjur celuk-
celuka awèh weruh, "Pak, kula sampun
jagi ing ngriki rinten lan dalu."
9 Dumadakan ana wong padha teka!
Wong nunggang jaran ngloro-ngloro!
Wong jaga mau banjur awèh weruh,
"Babil sampun rebah! Reca-recaning
déwa-déwanipun ingkang dipun sembah
sampun remuk pating slebar ing siti."
10 Hé Israèl bangsaku, sing wis
diidak-idak lan digawé kèsèd! Saiki
kowé dakkabari pawarta sing becik, sing
dakrungu saka Pangéran, Allahé Israèl!

11 Pangandikané Allah tumrap Édom.
Ana wong ngundang aku saka Édom,
muni ngéné, "Hé wong jaga, apa benginé
isih suwé? Suk kapan entèké?"
12 Wangsulané sing jaga, "Wis mèh
ésuk, nanging benginé bakal teka
menèh. Yèn kowé arep takon menèh,
tekaa waé lan takona!"
13 Pangandikané Allah kanggo tanah
Arab mengkéné, "Hé wong Dédan,
kafilah-kafilah sing padha nginep ana ing
alas-alas ing tanah Arab.
14 Hé wong-wong sing padha manggon
ana ing Téma, padha metua, nggawaa
banyu kanggo wong sing padha kasatan,
metua, wong-wong sing padha teka
ngungsi kuwi pethukna karo nggawa
roti!
15 Sebab wong-wong kuwi padha
ngungsi nyingkiri pedhang sing arep
dienggo matèni, ngoncati panah sing
arep ditamakaké, ya ngoncati sakèhé
bebayané peprangan."
16 Gusti Allah banjur ngandika marang
aku mengkéné, "Setaun engkas,
kaluhurané tanah Mesir kabèh bakal
sirna.

17 Prejurit ahli panahé Kédar sing
misuwur kekendelané bakal mung kari
sethithik. Aku, Pangéran Allahé Israèl,
sing ngandika!"

22 1 Pangandikané Allah kanggo
Lembah Wahyu. Yagéné wong-
wong ing kutha padha mungguh ing
payon?
2 Hé negara sing ramé lan kebak
swarané wong sing padha surak-surak.
Wongmu sing padha mati ing peprangan
patiné ora merga saka pedhang.
3 Para penggedhému padha keplayu lan
ditawan sadurungé nglepasaké panahé.
4 Wis, aku tinggalen, aku arep nangisi
wong-wongku sing padha mati. Aku aja
koklipur.
5 Yaiki dina pesambat, pangiles-iles
lan gègèran sing ditekakaké déning
Pangéran Allah Kang Mahakwasa.
Bètèngé kutha wis dijugrugaké, sambaté
wong sing celuk-celuk njaluk tulung
ngemandhang ing punthuk-punthuk.
6 Para tentara jaranan saka tanah
Élam padha ngebyuk, nggawa gegaman
gendhéwa lan panah. Tentara saka tanah
Kir wis siaga nganggo tamèng.

7 Lembah-lembahé tanah Yéhuda sing
subur wis kebak kréta perang. Tentara
jaranan wis tekan ngareping gapura.
8 Yéhuda wis ora kuwagang ngadhepi
mungsuh. Yèn wis tekan semono kowé
bakal ngetokaké gegaman saka gudhang
simpenan.
9 Kowé iya banjur weruh endi témboké
Yérusalèm sing kudu ditambal. Omah-
omah ing Yérusalèm banjur kokpriksa.
Ana omah sawetara sing kokjugrugaké,
supaya watuné kena dienggo nambal
bètèngé kutha.
10 (22:9)
11 Supaya duwé banyu ing njero kutha
anaa tandhon kanggo nyimpen banyu
sing mili saka blumbang tuwa. Nanging
kowé ora nggatèkaké marang Allah sing
wis lawas olèhé ngrancang supaya kuwi
kabèh bisa kelakon.
12 Nalika semono Pangéran Allah Kang
Mahakwasa dhawuh supaya kowé padha
nangis lan sesambat, nyukur sirahmu
lan nganggo bagor,
13 nanging kowé malah nggeguyu lan
padha pésta. Padha nyembelèh wedhus
lan sapi, mangan daging lan ngombé
anggur karo muni, "Ayo padha mangan

lan ngombé, sebab sésuk kita bakal
mati!"
14 Pangéran Allah Kang Mahakwasa
piyambak sing ngandika marang aku,
"Pialané wong kuwi sajegé ora bakal
diapura. Aku, Pangéran Allah Kang
Mahakwasa wis ngendika."
15 Pangéran Kang Mahakwasa ngutus
aku marani Sèbna, penggedhé sing
ngurusi kedhaton. Dhawuhé Pangéran
mengkéné,
16 "Pangiramu kowé kuwi sapa, déné
kumawani gawé kuburanmu ana ing
gunung watu kéné?
17 Bisa uga kowé wong gedhé, nanging
Gusti Allah bakal ngangkat lan mbanting
kowé, banjur dibuwang adoh,
18 kaya carané wong mbuwang
gulungan benang. Kowé bakal dibuwang
menyang negara sing luwih gedhé
lan mati ana ing antarané kréta-kréta
perang sing kokegung-egungaké. Kowé
wis gawé isiné bendaramu,
19 mulané Gusti Allah bakal nglorod
kowé saka pangkatmu sing dhuwur,
diasoraké."

20 Pangandikané Allah marang Sèbna,
"Ing wektu kuwi Aku bakal nimbali
abdi-Ku Èlyakim bin Hilkia.
21 Jubahmu bakal Dakenggokaké
marang wong kuwi, semono uga
sabukmu bakal Daksabukaké, apa menèh
pangwasamu bakal Dakparingaké.
Èlyakim bakal dadi bapak tumraping
rakyat ing Yérusalèm lan para umat ing
Yéhuda.
22 Wong kuwi bakal Dakdadèkaké
pangwasa ana ing kratoné Dawud lan
Dakpasrahi pangwasa gedhé. Apa sing
diputus ora ana sing bisa mbatalaké.
23 Aku bakal netepaké kalenggahané,
kaya paku ana ing papan sing sentosa,
sarta kulawargané kabèh bakal
kinurmatan.
24 Nanging sedulur-seduluré lan
wong-wongé bakal dadi tanggungan
abot. Wong-wong mau presasat grabah
sing dicanthèlaké ana ing paku.
25 Paku sing dipasang rosa mau
suwé-suwé bakal coplok lan tiba. Lan
kuwi bakal dadi wekasané sakèhé wong
sing cemanthèl ana ing wong mau. Aku
Pangéran Allah Kang Mahakwasa wis
ngandika."

23

1 Pangandikané Allah kanggo Tirus
mengkéné: Padha sesambata
hé sakèhé wong Tirus sing lelayaran!
Omahmu ing kutha pelabuhan Tirus wis
padha rubuh. Omah lan pelabuhané wis
dadi gempuran. Yèn prau-praumu bali
saka Siprus, kowé bakal krungu wertané.
2 Para sudagar ing Sidon, padha
nangisa!
3 Kowé kongkonan wong nyabrang
segara kulak gandum saka tanah Mesir,
banjur diedol marang sakèhé bangsa ing
bumi.
4 Hé Sidon, saiki kowé diasoraké!
Segara lan samodra padha ora ngakoni
kowé, pangucapé, "Aku ora tau duwé
anak. Aku ora tau nggedhèkaké anak
lanang utawa wadon."
5 Wong Mesir pisan padha kagèt lan
gemeter bareng krungu yèn Tirus wis
dadi gempuran.
6 Hé wong Funisia, padha nangisa
lan sambata! Padha ngoncatana lan
ngungsia menyang Spanyol!
7 Apa temenan iki kutha Tirus, kutha
sing nyenengaké? Sing wis madeg wiwit
jaman kuna? Apa iki kutha sing dadi

asalé wong-wong sing padha tetruka[i] ing
negara-negara manca?
8 Sapa sing ngrancang karusakané
Tirus, kutha asalé sudagar-sudagar
gedhé sing ngutus para wakilé ngwasani
donyané dedagangan ing salumahing
bumi?
9 Pangéran Allah Kang Mahakwasa sing
ngrancang kuwi kabèh. Panjenengané
sing ngandhakaké gemunggungé wong
Tirus sing ngumukaké kabisané, ya
Panjenengané piyambak sing ngasoraké
para penggedhéné sing kajèn-kéringan
sajagad.
10 Hé wong sing neneka ing jajahan
Spanyol. Padha balia nggarap lemahmu,
sebab saiki wis ora ana sing ngayomi
kowé menèh.
11 Gusti Allah wis ngagagaké astané
ing sandhuwuré segara lan ngrubuhaké
kraton-kraton. Panjenengané wis
ndhawuhaké ngrusak pusat-pusat
dagangané wong Funisia.
12 Dhawuhé, "Hé kutha Sidon, kowé
bakal ora surak-surak menèh, lan wong-
wongmu bakal kasiya-siya. Senajan

---

[i]tetruka: miwiti manggèn.

ngungsia menyang Siprus, ana ing kana
ora bakal bisa slamet."
13 Dudu wong Asyur, nanging wong
Babil sing bakal nggempur Tirus lan
ndadèkaké kutha mau dadi panggonané
kéwan galak. Wong Babil sing bakal
ngepung kutha mau karo menara-
menarané, ngrubuhaké bètèng-bètèngé
kutha Tirus, kadadèkaké gempuran.
14 Hé para wong sing lelayaran ing
samodra! Kutha sing kokendelaké saiki
wis kasirnakaké.
15 Bakal kelakon kutha Tirus ora diélingi
menèh lawasé 70 taun, yakuwi saumuré
raja. Sawisé pitung puluh taun mau
bakal ana menèh nyanyiané wanita tuna
susila:
16 "Jupuken clempungmu, ngubengana
kutha, hé kowé sundel sing wis ora
kocap. Unèkna clempungmu lan
menyanyia menèh, supaya wong padha
mbalèni kowé sepisan engkas."
17 Yèn wis kliwat pitung puluh taun,
Gusti Allah bakal marengaké Tirus bali
dadi kutha dagang menèh. Lan iya bakal
nyundel menèh karo sakèhé raja ing
bumi.

18 Dhuwit olèh-olèhané dedagangan
bakal disaosaké marang Allah.
Bebathèné ora arep ditandho menèh,
nanging dienggo tuku pangan lan
sandhangan kanggo wong-wong sing
padha nyambut-gawé ing Pedalemané
Allah.

24 1 Temenan bumi bakal digawé
ludhes lan suwung déning Allah.
Bumi bakal diwalik lan wong sing
manggon ing kono bakal dibuyaraké.
2 Saben wong bakal ngalami nasib
sing padha; imam-imam padha karo
wong lumrah, batur-tukon padha karo
bendarané, wong sing tuku karo wong
sing adol, sing motangaké karo sing
utang, wong sugih karo wong mlarat
kaanané padha.
3 Bumi bakal dadi cengkar lan dadi
sangar. Pangéran Allah Kang Mahakwasa
wis ngandika.
4 Bumi bakal dadi saya garing lan alum!
Langit lan bumi padha ngenes.
5 Bumi dadi najis, merga dinajisaké
déning wong sing padha ngenggoni,
merga padha nglanggar dhawuhé
Gusti Allah, mbubrah prenatan sarta
nglirwakaké prejanjian langgeng.

6 Mulané Gusti Allah maringi paukuman
marang bumi. Umaté bakal nampa
paukuman. Manungsa salumahing bumi
bakal sirna, kekarèné bakal mung
sethithik.
7 Wit anggur bakal alum, mulané
anggur bakal langka. Saben wong sing
biyèn uripé seneng, bakal padha sedhih.
8 Swaraning musik sing mbungahaké
ati, kayata swarané clempung lan
tambur wis lèrèn.
9 Ora keprungu menèh swarané
nyanyian bab anggur, sebab ora ana
wong sing tau ngerti rasané.
10 Ing kutha, apa waé dadi kisruh, lan
saben wong, milih ana ing omah waé
sing aman.
11 Wong akèh padha pating brengok
ana ing dalan-dalan, merga wis ora ana
anggur. Sakèhé kabungahan wis sirna,
sakèhé kasenengan ing bumi wis ora
ana.
12 Kutha wis dadi gempuran, gapurané
wis padha rusak.
13 Mengkono bakal kedadéané bangsa-
bangsa ing salumahé bumi. Padha
kaya mangsa lebar panèn, woh kurma

wis diplècèti lan saben wit anggur wis
dipethiki wohé sing wekasan.
14 Wong sing tahan lan isih urip padha
menyanyi saka bungahé. Sing ana ing
Kulon padha nyritakaké kaluhuurané Gusti
Allah.
15 Sing ana ing Wétan padha ngluhuraké
asmané. Bangsa-bangsa sing padha
manggon ing saurutė segara padha
memuji asmané Pangéran, Allahé Israèl.
16 Saka kikis watesé bumi kita padha
krungu wong padha memuji Allahé
Israèl, kang mahaadil. Nanging aku
kandha, "Saiki aku wis ora duwé
pengarep-arep menèh! Cilaka aku,
merga wong ala padha nerusaké lakuné
sing ala, malah olèhé goroh ngungkuli
sing uwis-uwis."
17 Hé wong salumahing bumi.
Rungokna! Kowé bakal disiksa,
dicemplungaké ing sumur lan dipasangi
kala-jiret.
18 Saben wong sing arep oncat saka
panyiksa bakal kecemplung ing sumur,
lan sapa sing uwal saka sumur bakal
kena kala-jiret. Udan bakal kaya
grojogan kaesokaké saka langit, lan
bumi bakal gonjang-ganjing.

19 Lemah-lemah bakal padha bengkah
lan gempal, banjur menga.
20 Bumi bakal sempoyongan kaya
wong mendem, kontrang-kantringan
kaya gubug katempuh ing prahara.
Bumi kabotan mikul dosa panglawané
manungsa, mula bakal rubuh lan ora
bisa ngadeg menèh.
21 Bakal kelakon ing wektu kuwi Gusti
Allah ngukum para pangwasa ing langit
lan para penggedhé ing bumi.
22 Para raja bakal padha diklumpukaké
dadi siji kaya wong tahanan, kalebokaké
ing sumur. Bakal padha dikunjara nganti
satekané mangsa paukuman.
23 Ing kono rembulan bakal dadi
peteng, lan srengéngé mari nyunaraké
padhangé, sebab Pangéran Allah Kang
Mahakwasa piyambak kang jumeneng
raja. Panjenenganè bakal ngedhaton
ana ing Yérusalèm, ing Gunung Sion.
Para pinituwa lan para umat bakal padha
ndeleng kaluhuranè.

25 1 Dhuh Allah, Paduka menika
Allah kawula; Paduka badhé
kawula luhuraken lan asma Paduka
kawula puji. Paduka sampun nindakaken
prekawis-prekawis ingkang élok; Paduka

sampun nindakaken kalayan kasetyan
sedaya ingkang sampun dangu Paduka
rancang.
2 Kitha-kitha Paduka jungkir-walik
dados gempuran, bètèngipun Paduka
rebahaken. Kedhaton ingkang kayasa
déning para mengsah sampun Paduka
sirnakaken ing selami-laminipun.
3 Bangsa-bangsa ingkang ageng
pangwaosipun badhé sami memuji
asma Paduka. Paduka badhé dipun
ajrihi wonten ing kitha-kithanipun
bangsa-bangsa wau.
4 Tiyang mlarat lan tiyang apes sami
ngungsi dhateng Paduka lan sami
kapitulungan ing mangsa karibedan.
Menawi wonten prahara Paduka paringi
pangungsèn, ing papan bentèr Paduka
paringi pangauban. Tiyang ambek siya
sami nyerang kados prahara ing mangsa
bedhidhing,
5 inggih kados bentèring ketiga ing
tanah garing. Nanging Paduka dhuh
Allah, sampun nyirep mengsah kawula
sedaya. Kados méga ingkang ngayomi
bumi, inggih kados mekaten enggèn
Paduka nyirep bengak-bengokipun
tiyang ambek siya.

6 Gusti Allah Kang Mahakwasa arep
nyawisaké bujana ana ing Gunung Sion
kanggo para bangsa sajagad. Bujana
rupa pangan sing énak-énak lan anggur
sing apik dhéwé.
7 Ing kéné Panjenengané bakal
nyingkiraké mendhunging kasusahan,
sing tansah nglimputi para bangsa.
8 Gusti Allah bakal mbéngkas pati
selawas-lawasé! Panjenengané bakal
ngusapi luh saka sakèhé mripat,
sarta nyirnakaké kawiranganė umaté
ing salumahé bumi. Mengkono
pangandikané Pangéran, Allah Kang
Mahakwasa.
9 Ing wektu kuwi wong padha
kandha, "Panjenenganė kuwi Allah
kita! Panjenenganė sing kita endelaké,
lan Panjenenganė wis ngluwari kita.
Panjenenganė kuwi Allah! Panjenenganė
sing kita anti-anti. Saiki kita begja lan
bungah-bungah, merga Panjenenganė
wis ngluwari kita."
10 Gusti Allah bakal ngayomi Gunung
Sion, nanging Moab bakal diiles-iles kaya
damèn sing ana pawuhan.

11 Wong-wongé padha srawéan tangané
kaya nglangi, nanging Gusti Allah
ngèndelaké waé nganti tanpa daya.
12 Bètèng-bètèng lan gapura-gapurané
Moab sing dhuwur-dhuwur bakal
digempur nganti dadi kaya lebu.

26

1 Ing kono bakal kelakon umat
ing Yéhuda padha menyanyi
mengkéné, "Kita padha duwé kutha
sing sentosa! Allah piyambak sing njagi
bètèngé.
2 Gapurané kutha wengakna, supaya
para mursid saka bangsa ngendi-endi
padha mlebu, yakuwi umat sing padha
nindakaké prekara sing bener.
3 Dhuh Pangéran, mugi kersa maringi
katentreman ingkang sejatos dhateng
sok sintena ingkang setya, sarta
kumandel dhateng Paduka.
4 Padha ngandela marang Allah, supaya
selawasé kita padha direksa.
5 Wong gemunggung padha diasoraké,
kutha-kutha sentosa sing dienggoni
padha dirubuhaké, bètèng-bètèngé
padha dijugrugaké dadi awu.
6 Wong sing mauné disiya-siya saiki
padha jag-jagan, padha ngidak-idak
kutha mau."

7 Dhuh Pangéran, marginipun tiyang
mursid menika radin, sebab Paduka
ingkang ngradin margi wau.
8 Kawula sami ngenut kersa Paduka,
dhuh Allah, lan ngantos-antos pitulungan
saking Paduka piyambak. Inggih namung
Paduka piyambak ingkang kawula
ajeng-ajeng.
9 Ing wanci dalu kawula ngangen-angen
Paduka kalayan gumolonging manah;
samasa Paduka ngadili bumi lan
para umat, tiyang-tiyang badhé sami
mangertos pundi keadilan ingkang
saleresipun.
10 Senajan Paduka nandukaken
kasaénan dhateng tiyang awon, tiyang
wau mboten badhé sinau tumindak leres.
Senajan sami manggèn ing tengahing
tiyang mursid, meksa sami nindakaken
piawon. Margi sami mboten purun
ngakeni kaluhuran Paduka.
11 Para mengsah Paduka mboten sami
mangertos, bilih badhé sami Paduka
ukum. Dhuh Allah, tiyang menika mugi
Paduka damel wirang lan Paduka paringi
kasisahan, supados sami ngraosaken
paukuman ingkang sampun Paduka
cawisaken. Mugi Paduka ngetingalaken

sepinten agenging sih Paduka dhateng
para kagungan Paduka.
12 Dhuh Allah, Paduka sampun
nyawisaken katentreman kanggé
kawula, sebab samukawis prekawis
ingkang kawula tandangi, menika
Paduka piyambak ingkang nindakaken
kanggé kawula.
13 Dhuh Pangéran, Allah kawula,
sampun kathah tiyang ingkang ngwaosi
kawula, nanging sejatosipun namung
Paduka piyambak menika Allah kawula.
14 Tiyang-tiyang menika samenika
sampun sami pejah lan rohipun mboten
badhé sami tangi malih, margi sampun
Paduka ukum lan Paduka tumpes.
Mboten wonten tiyang ingkang ngémuti
piyambakipun.
15 Dhuh Allah, bangsa menika sampun
Paduka damel kathah. Kikis-watesipun
sampun Paduka elar sedaya. Menika
sedaya njalari asma Paduka kaluhuraken.
16 Nalika bangsa menika Paduka ajar,
lajeng sami sesambat ing salebeting
pandonga dhateng Paduka.
17 Inggih Paduka piyambak ingkang
damel umat menika ngrintih kados
tiyang èstri ingkang badhé gadhah laré,

sambat sakit. Mekaten kawontenan
kawula suwau wonten ing ngarsa
Paduka, dhuh Allah.
18 Kawula sami wawrat, saweg nyakiti,
nanging namung hawa ingkang kawula
wedalaken; kawula mboten angsal
kemenangan menapa-menapa kanggé
negari kawula, sedaya ingkang sami
kawula tindakaken menika muspra.
19 Tiyang pejah kagungan Paduka
badhé sami gesang malih! Jisim-
jisimipun badhé tangi malih. Sedaya
tiyang ingkang sami tilem ing kubur
badhé tangi lan memuji kalayan bingah.
Kados ebun énjing nyegeraken bumi,
inggih mekaten Allah enggènipun badhé
nangèkaken malih tiyang-tiyang ingkang
sampun dangu pejahipun.
20 Hé bangsaku, padha mlebua ing
omahmu lan kancingen lawangé. Padha
ndhelika sawetara mangsa ana ing kono,
nganti Pangéran mari enggoné duka.
21 Gusti Allah arep rawuh saka swarga,
ngajar wong-wong ing bumi merga saka
dosané. Mematèni sing katindakaké
kanthi sesidheman bakal konangan, lan
bumi bakal ora ndhelikaké wong-wong
sing dipatèni ana ing kono.

27 1 Ing wektu kuwi Gusti Allah bakal
ndhawahaké paukuman srana
pedhangé kang ampuh kanggo ngremuk
endhasé Léwiatan, yakuwi naga ing
segara sing nlosor lan nggubet-nggubet,
supaya mati.
2 Ing dina mau Gusti Allah bakal
ngandika bab kebon anggur kagunganė
sing éndah mengkéné:
3 "Kebon anggur kuwi selawasé
Dakjaga, ora kendhat olèhku nyirami.
Dakreksa rina lan wengi, nganti ora ana
sing ngganggu.
4 Paukuman-Ku tumraping kebon
anggur-Ku wis sirep. Nanging saupama
mung metokaké eri lan rerungkudan sing
kudu disirnakaké, kabèh bakal Dakobong
nganti tapis.
5 Kejaba menawa umat-Ku padha
ngungsi lan sowan marang Aku, rukun
karo Aku, ya rukun karo Aku."
6 Mbésuk bangsa Israèl, turuné Yakub,
bakal dadi wit, ngetokaké oyod, semi lan
ngrembaka, sarta woh sing diwetokaké
bakal ngebaki bumi.
7 Israèl durung tau digebag déning
Allah kaya mungsuh-mungsuhé, lan
durung tau cacahé wongé sing mati ing

peprangan akèhé kaya cacahé mungsuhé
sing tiwas.
8 Gusti Allah enggoné ngukum umaté
srana dibuwang menyang negara liya.
Umaté ditundhung metu saka tanahé
nganggo prahara saka tanah Wétan sing
nggegirisi.
9 Nanging dosané Israèl diapura samasa
mesbèh-mesbèh watu sing dienggo
nyembah brahala wis diremuk kaya
kapur lan pedupan kanggo Asyéra ora
ana sing kari.
10 Kutha sing disentosani nganggo
bètèng kuwi wis kajugrugaké dadi
gempuran. Wis ditinggal suwung dadi
ara-ara samun sing sepi. Wis dadi
pesabané sapi-sapi sing padha nyenggut
lan ngaso ana ing kono.
11 Pang-pangé wit padha alum lan
sempal, wong wadon padha golèk kayu
kanggo masak. Sarèhné umaté bodho
lan ndableg, mulané Pangéran Allah
sing nitahaké ora welas lan ora maringi
palimirma.
12 Ing dina kuwi Gusti Allah bakal
nglumpukaké umaté siji-siji saka
Bengawan Éfrat tekan tapel watesé

Mesir, kaya wong sing misahaké gandum
saka mrambuté.
13 Yèn wis mengkono bakal ana uniné
slomprèt sing ngundang wong Israèl ana
ing pembuwangan, ing tanah Asyur lan
ing tanah Mesir, didhawuhi bali menyang
tanahé dhéwé. Wong-wong mau bakal
padha teka lan padha sujud marang
Pangéran Allahé ing Yérusalèm, ana ing
gunungé sing suci.

28 1 Kraton Israèl bakal cilaka!
Kamulyané wis alum, kaya
makutha saka kembang sing ana ing
sirahé para penggedhéné sing padha
mendem. Sirah sing gemedhé mau
gandané wangi. Nanging delengen,
wong-wong mau padha pating gléthak
mendem kepati.
2 Pangéran wis nyawisaké wong
rosa sing gedhé pangwasané kanggo
ngalahaké para penggedhé sing padha
mendem mau. Wong rosa kuwi tekané
bakal kaya prahara, kaya grojoging
udan, kaya banjir bandhang, lan bakal
ngerobi satanah kono kabèh.
3 Kaluhurané para penggedhé sing
mendem mau bakal diiles-iles,

4 lan bakal layu sarta sirna kaya sirnané
woh ara sing mateng dhisik ing mangsa
panèn, merga mesthi diundhuh lan
dipangan sawisé mateng.
5 Ing wektu kuwi Pangéran bakal kaya
makutha saka kembang sing éndah
tumrap umaté sing kari.
6 Panjenenganè bakal paring roh
keadilan marang para hakim, lan roh
kekendelan marang sing padha jaga
gapuraning kutha.
7 Para nabi lan para imam pisan
iya padha mendem, nganti lakuné
sempoyongan. Merga kakèhan ngombé
anggur lan arak mula pikirané padha
bingung ora karu-karuwan. Para nabiné
saking mendemé nganti ora ngerti
maknané wahyu sing kaparingaké
déning Allah, lan para imam saking
mendemé nganti ora bisa mutusaké
prekara sing diladèkaké supaya diputusi.
8 Méja sing ana ing ngarepé kebak
utah-utahané lan rereged, nganti ora
ana panggonan sing resik.
9 Wong-wong mau padha nggresah
ngrasani aku mengkéné, "Wong
kuwi mulang sapa? Sapa sing butuh

piwulangé? Kuwi rak mung kanggo
bocah sapihan.
10 Karepé arep mulang kita saaksara-
saaksara, sagaris-sagaris, sapérangan-
sapérangan."
11 Aku banjur muni mengkéné, "Yèn
kowé ora gelem ngrungokaké aku, Gusti
Allah bakal nggunakaké wong manca
kanggo mulang kowé nganggo basa
manca.
12 Gusti Allah paring panglipur lan
pengasoan marang kowé, nanging
koktampik, ora kokrungokaké.
13 Mulané Panjenengané bakal mulang
kowé saaksara-saaksara, lan sagaris-
sagaris, lan sapérangan-sapérangan.
Kowé banjur bakal kesandhung, saben
kowé njangkah. Kowé bakal ketaton lan
diiles-iles sarta ditawan."
14 Mulané hé wong gemunggung sing
padha dadi penggedhé, sing ngerèh
rakyat ing Yérusalèm, padha rungokna
pangandikané Allah.
15 Swaramu angkuh, kandha yèn kowé
wis gawé prejanjian karo pati lan wis
rukunan karo donyané wong mati. Kowé
yakin yèn ora bakal ketekan paukuman,

merga kowé njagakaké enggonmu pinter
goroh lan apus-apus.
16 Mengkéné pangandikané Pangéran
Allah Kang Mahakwasa, "Ing Sion
Aku masang pondhasi sing kuwat lan
sentosa. Ing pondhasi mau Dakpasangi
watu pojokan sing katulisan, ‘Sing sapa
precaya ora bakal gugup.’
17 Keadilan Dakdadèkaké tali kanggo
ngukur lan sing Dakdadèkaké tali sipat
kabeneran." Udan ès bakal nyapu sakèhé
goroh sing kokendelaké, lan banjir bakal
nyirnakaké katentremanmu.
18 Prejanjianmu karo pati bakal buyar,
lan rukunanmu karo donyané wong mati
bakal batal. Samasa paukumané teka
kowé bakal mati diiles-iles.
19 Paukuman mau saben-saben bakal
nekani kowé, ajeg saben ésuk. Kowé
bakal ngrasakaké giris rina lan wengi.
Saben wangsit saka Pangéran bakal
nekakaké panyiksa marang kowé!
20 Kowé bakal ngalami kaya wong ing
Wulang Bebasan sing arep ngaso ing
peturon, nanging jujul kanggo slonjor;
arep kemulan, nanging kemulé cupet.
21 Pangéran bakal nglawan, kaya
patrapé nalika perang ana ing Gunung

Perasim lan ana ing Lebak Gibéon,
nindakaké apa sing dadi kersané,
senajan pendamelé mau katoné anèh.
Panjenengané bakal ngrampungaké
pakaryané, pakaryané kang élok.
22 Kowé aja nggeguyu pepélingku
marang kowé iki! Yèn kowé meksa
nggeguyu, kowé malah saya ora bisa
oncat. Aku wis krungu putusané Allah
Kang Mahakwasa sing arep numpes
sanegara kabèh.
23 Rungokna tembungku. Gatèkna apa
sing dakkandhakaké iki.
24 Ora ana wong tani sing saben dina
mung mluku lemahé waé lan nyawisaké
lemah mau kenaa ditanduri.
25 Sawisé lemahé digarap rak banjur
nyebar winih jinten ireng lan jinten putih.
Ing pinggiré disebari winih-winih liyané.
26 Wong tani mau ngerti apa sing kudu
dilakoni, merga wis didhawuhi déning
Allah.
27 Jinten ireng ora digebug nganggo
penthung gedhé lan jinten putih ora
digiles nganggo gilingan. Jinten ireng
cukup digitik nganggo carang lan jinten
putih nganggo welat tipis.

[28] Gandum ora diiles terus-terusan
nganti ajur, nanging cukup digiles
nganggo gilingan grobag tanpa ngremuk
gandumé.
[29] Kawicaksanan iki pinangkané saka
Allah Kang Mahakwasa. Rancanganė
Allah kuwi selawasé tliti lan kelakoné
élok.

29 [1] Yérusalèm, mesbèhé Allah
piyambak, bakal diukum! Negara
tilas panggonané Dawud masang
kémah, bakal diukum! Sajroné rong
taun iki wong karebèn nerusaké olèhé
nganakaké pésta-pésta lan kraméan,
[2] nanging sawisé kuwi Allah bakal
nekakaké paukuman ing kutha sing
disebut: Mesbèhé Allah. Ing kono bakal
ana tangis lan pesambat, lan sakutha
kabèh bakal kaya mesbèh gluprut getih.
[3] Gusti Allah bakal nyerang kutha mau,
dikepung lan dikubengi menara pejagan.
[4] Yérusalèm bakal kaya rohé wong ing
kuburan, sing nywara lirih saka njero
lemah.
[5] Yérusalèm, sakèhé wong manca sing
nyerang kowé bakal disebul kaya bledug
lan tentaranė sing nggegirisi bakal kabur
kaya mrambut.

6 Dumadakan ora kanyana-nyana
Allah bakal ngluwari kowé lantaran
gludhug lan lindhu. Panjenengané bakal
nekakaké prahara lan bledhèg,
7 mula sakèhing tentarané mungsuh
saka ngamanca sing nyerang kutha
mesbèhé Allah bakal sirna, malah
gegaman lan praboting perangé, kabèh
musna kaya rerupan ing impèn, ing
wayah bengi.
8 Bangsa-bangsa sing nglumpuk ing
kono arep nyerang Yérusalèm kuwi
kaya wong padha kaliren sing ngimpi,
rumangsané lagi mangan, nanging
bareng tangi isih tetep ngelih, utawa
kaya wong sing arep mati merga
kasatan, rumangsané lagi ngombé,
nanging bareng nglilir gorokané isih
tetep garing.
9 Terus-terusna enggonmu ora weruh
lan enggonmu wuta! Terusna enggonmu
mendem tanpa ngombé anggur, lan
enggonmu mlaku sempoyongan tanpa
ngombé arak.
10 Kowé digawé ngantuk déning Allah,
kowé banjur bakal rubuh lan turu kepati.
Nabi-nabi kuwi mesthiné dadi mripaté

umat, nanging wis digawé merem déning
Allah.
11 Dadi kowé ora ngerti tegesé wahyu
sing diwangsitaké marang nabi, sebab
kaaling-alingan, presasat kitab sing
ditutup lan disègel. Yèn kitab mau
kokkon macakaké wong liya, wong mau
muni, ‘Aku ora bisa maca, sebab Kitab
iki disègel.’
12 Yèn kitab mau kokgawa kanggo wong
sing ora bisa maca, wong mau bakal
muni, ‘Aku ora bisa maca.’
13 Gusti Allah ngandika, "Bangsa iki
rumangsané nyembah Aku, nanging
mung lelamisan. Atiné ngedohi Aku.
Pangibadahé ora liya mung isi prenatan
lan adat tata-cara gawéané manungsa,
sing diapalaké.
14 Mulané Aku bakal gawé kaélokan
marang bangsa iki lan gawé gumuné.
Kawicaksanané wong-wongé sing ngaku
wicaksana bakal sirna, lan sakèhé
kapinterané bakal tanpa guna."
15 Wong sing ngumpetaké rancangané
ana ing ngarsané Allah bakal cilaka.
Wong-wong mau padha nindakaké
rancangané kanthi sesidheman lan

rumangsané ora ana wong sing ngerti
apa sing padha dilakoni.
16 Kuwi wong keblinger. Endi sing luwih
penting, grabah apa kundhi sing gawé
grabah? Apa gawéané manungsa bisa
muni karo sing gawé, "Dudu kowé sing
gawé aku!" Utawa, "Kowé ora ngerti apa
sing koktindakaké!"
17 Ana paribasan: "Alas bakal malih dadi
kebonan, lan kebonan bali dadi alas."
18 Ing dina kuwi wong budheg bakal
krungu pamecané kitab kalawan sora,
lan wong wuta sing ana ing petengan,
bakal bisa ndeleng.
19 Wong mlarat lan wong sing lembah
atiné bakal ngalami kabegjan lan
kasenengan menèh, sing diparingaké
déning Pangéran, Allahé Israèl.
20 Wong sing gawéné nyiya-nyiya
pepadhané wis ora ana, semono uga
wong sing nyepèlèkaké Allah. Sakèhé
wong dosa bakal katumpes.
21 Allah bakal numpes sakèhé wong
sing mitenah pepadhané, iya sakèhé
wong sing ngalang-alangi wong
duraka diukum, lan sakèhé wong
sing ngalang-alangi wong mursid olèh
keadilan.

22 Pangéran Allahé Israèl sing ngluwari
Abraham saka karupekané ngandika,
"Umat-Ku bakal ora ngalami kwirangan
menèh, lan rainé bakal ora pucet merga
isin.
23 Yèn kowé ndeleng anak-turunmu
peparing-Ku, kowé bakal ngakoni yèn
Aku iki Kang Mahasuci, Allahé Israèl.
Kowé bakal ngurmati Aku lan ngabekti
marang Aku.
24 Wong sing buntet budiné bakal padha
olèh kawruh, lan wong sing gawéné
ngedumel bakal nanggapi piwulang."
30 1 Gusti Allah wis ngandika, "Sapa
sing ngerèh Yéhuda bakal kena
paukuman, merga wis mbrontak Aku.
Sebab padha nindakaké rancangan
sing dudu gawéan-Ku, lan padha
nandha-tangani prejanjian sing ora
Dakkersakaké, sarta padha numpuk
dosa ora lèrèn-lèrèn.
2 Padha lunga menyang tanah Mesir
golèk pengayoman, tanpa nyuwun
pamrayoga marang Aku. Padha kepéngin
diayomi déning Mesir, dadi padha
ngendelaké Mesir.

3 Nanging Firaun ora duwé daya kanggo
mitulungi, lan pengayomané Mesir kuwi
bakal gawé wirangmu.
4 Senajan para utusan wis tekan
kutha-kutha Zoan lan Hanès ing Mesir,
5 nanging wong Yéhuda bakal getun
déné padha ngendelaké bangsa sing
ora kena diprecaya, bangsa sing
ora kecongggah mitulungi samasa
dibutuhaké."
6 Pangandikané Gusti Allah bab kéwan-
kéwan ing ara-ara samun sisih Kidul
mengkéné, "Para utusan padha lelungan
menyang negara sing kebak bebaya,
negara sing akèh singané, akèh ulané
mandi lan naga sing bisa mabur. Kuldiné
lan untané padha dimomoti hadiah sing
regané larang-larang, kanggo bangsa
sing ora bakal bisa mènèhi pitulungan.
7 Pitulunganè Mesir kuwi ora misra.
Mulané Mesir Dakjenengaké ‘Naga sing
ora mbebayani!’"
8 Aku didhawuhi déning Allah nulis
kepriyé kaananané bangsa iki, supaya anaa
cathetan bab gedhéning pialané.
9 Bangsa kuwi selawasé mbrontak
marang Allah, selawasé dhemen goroh
lan nampik piwulangé Allah.

10 Nabi-nabi dikon meneng waé,
kandhané, "Kowé aja kandha bab
kabeneran. Kowé munia apa sing
dakkarepaké. Aku kepéngin urip karo
pengangen-angenku dhéwé.
11 Sumingkira saka kéné lan aja
ngalang-alangi dalanku. Aku ora sudi
krungu bab Allahmu sing kokarani Allahé
Israèl."
12 Nanging Pangéran Allahé Israèl
ngandika mengkéné, "Sarèhné kowé
ora nggugu tembung-Ku lan nggugu
tembungé wong jahat lan cidra,
13 mulané kowé salah. Kowé kuwi kaya
témbok sing bengkah wiwit saka ngisor
mendhuwur, lan bakal rubuh dadakan.
14 Kowé bakal remuk ajur kaya grabah
saka lemah, nganti remukané ora kena
kanggo madhahi mawa,[j] utawa kanggo
nyidhuk banyu saka genthong."
15 Pangandikané Pangéran Allah
Kang Mahakwasa marang umat mau
mengkéné, "Bisamu slamet kuwi srana
mratobat lan pasrah sumarah marang
Aku, mula atimu bakal ayem lan kowé
bakal dadi sentosa."

---

[j]mawa: wongwa tegesipun: geni areng ingkang mengangah (bara, bhs. Ind.).

16 Nanging kowé ora gelem tumindak
mengkono. Kandhamu, "Aku dakoncati
saka mungsuh, daknunggang jaran sing
rikat playuné." Kowé bener, sebab kowé
ora bisa nindakaké liya kejaba oncat
kabur. Apa kokkira jaranmu luwih banter
playuné ketimbang karo sing ngoyak
kowé?
17 Wong sèwu ing antaramu bakal
keplayu ngithar samasa weruh prejurit
mungsuh siji waé, lan tentara mungsuh
lima waé wis cukup kanggo gawé kowé
keplayu kabèh. Tentaramu lan praboté
bakal ora ana sing kari kejaba gendéra
sing ana ing pucuké punthuk!
18 Éwasemono Gusti Allah adreng
enggoné arep maringaké sih-rahmaté
marang kowé. Panjenengané selawasé
nindakaké kawelasan, mulané kumudu-
kudu melasi kowé. Begja wong sing
ngandel marang Allah.
19 Hé wong sing padha manggon ing
Yérusalèm, kowé bakal ora nangis
menèh. Panjenengané kuwi gedhé sih-
rahmaté; samasa mireng pesambatmu
nyuwun tulung, mesthi bakal paring
wangsulan.

20 Senajan kowé diparingi kasusahan
akèh, nanging Panjenenganè piyambak
ana ing sacedhakmu, memulang
marang kowé. Kowé ora susah nggolèki
Panjenenganè menèh.
21 Yèn lakumu nyimpang saka dalan,
ngiwa utawa nengen, kowé bakal krungu
swaranè ing mburimu, ngandika, "Iki
dalanè. Mlakua ing kono."
22 Kowé bakal nganggep najis reca-
recamu sing lapis slaka lan sing lapis
emas, kuwi kabèh bakal kokbuwang dadi
barang najis, karo muni, "Sumingkira!"
23 Yèn kowé nyebar gandum, Gusti
Allah bakal nekakakè udan, supaya
wiji mau thukul, lan metokakè woh
akèh. Raja-kayamu bakal olèh pangonan
jembar.
24 Sapi lanang lan kuldi sing kokenggo
mluku lemahmu bakal ora kurang
pangan sing pilihan.
25 Nalika mungsuh-mungsuhmu kalah
perangè lan ditawan sarta balanè
dipatèni kabèh, ing kono bakal ana
kali-kali sing mili saka gunung-gunung.
26 Rembulan padhangè bakal kaya
srengéngé, lan padhangè srengéngé
bakal tikel pitunè adatè, kaya padhang

pitung dina didadèkaké siji. Iki kabèh
bakal kelakon samasa Pangéran
mblebedi tatuné umaté sarta marasaké
biluré jalaran enggoné digebugi.
27 Pangwasa lan kamulyané Allah bakal
katon saka kadohan. Geni lan kukus
sing dadi pretandhaning paukumané.
Pangandikané presasat geni.
28 Angin lésus ndhisiki tindaké kaya
banjir bandhang sing ngéntiraké
samubarang. Bangsa-bangsa disapu
tapis dadi rusak, lan piala sing dirancang
dibuyaraké.
29 Nanging kowé, hé umaté Allah,
bakal padha bungah-bungah lan padha
memuji kaya ana ing kraméan dina riaya.
Enggonmu bungah-bungah kaya wong
sing mlaku ing arak-arakan menyang
Pedalemané Allah, pangungsèné Israèl,
kairing déning swaraning suling.
30 Saben wong bakal krungu sebawané[k]
Gusti Allah kang nggegirisi, nganti padha
ngrasakaké panasing paukuman. Ing
kono bakal ana urubing geni, udan sing
deres banget, udan woh[l] lan sentoring
banyu.

---

[k]sebawa: swanten..

[l]udan sebawa: swanten. ès.

31 Wong Asyur bakal miris atiné samasa
krungu sebawaning Pangéran lan
ngrasakaké panyiksané astané.
32 Panggebagé Allah mau tekané
marambah-rambah, dibarengi swaraning
musik tambur lan clempung déning
umaté, Gusti Allah piyambak kang
perang nglawan bangsa Asyur.
33 Ana panggonan sing wis suwé
dicawisaké kanggo ngobong raja Asyur.
Panggonan mau jero lan amba kebak
tumpukan kayu. Kayuné bakal disumed
srana napasé Pangéran sing metokaké
banjir, geni lan lirang.

31 1 Wong sing padha mangkat
menyang Mesir njaluk tulung
bakal cilaka! Wong-wong mau padha
ngendelaké kekuwatané Mesir: jarané,
krétané perang lan prejurit-prejurité.
Nanging padha ora ngendelaké Pangéran,
Allahé Israèl Kang Mahakwasa. Padha
ora nyuwun pitulungané.
2 Panjenenganė pirsa apa sing bakal
ditindakaké! Panjenenganė nekakaké
karusakan, numpes wong duraka
lan wong sing padha rujuk karo
penggawéné.

3 Wong Mesir kuwi dudu Allah — nanging mung manungsa lumrah. Jarané ora duwé kasektèn. Samasa Allah tumindak, bangsa sing gedhé pangwasané mau bakal ajur mumur, lan bangsa sing ditulungi bakal ambruk. Karo-karoné bakal tumpes.
4 Pangandikané Pangéran marang aku mengkéné, "Senajan wong angon bengak-bengok sakayangé, ora bakal bisa nggusah singa sing mangsa wedhusé. Semono uga ora ana sing bisa ngalang-alangi enggon-Ku ngayomi Gunung Sion, mengkono pangandikané Allah Kang Mahakwasa.
5 Kaya manuk sing nglayang ing sandhuwuré susuhé ngreksa anak-anaké, mengkono uga Pangéran Allah Kang Mahakwasa enggoné ngreksa lan ngayomi Yérusalèm."
6 Pangandikané Pangéran, "Hé wong Israèl, kowé wis padha gawé dosa marang Aku lan nglawan Aku, nanging saiki padha mratobata, padha balia!
7 Bakal tekan wektuné kowé kabèh padha mbuwang reca-recané brahalamu, sing dilapis slaka lan emas.

8 Asyur bakal katumpes nganggo
perang, nanging ora srana kekuwatané
manungsa. Wong Asyur bakal keplayu
ninggal peprangan, lan para nonomané
bakal didadèkaké batur-tukon.
9 Rajané saka girisé bakal keplayu lan
para perwirané saka wediné bakal padha
ninggal umbul-umbulé." Mengkono
pangandikané Pangéran Allah Kang
Mahakwasa, sing disembah lan kacaosan
kurban ing Yérusalèm.

32 1 Bakal ana raja jumeneng lan
nindakaké keadilan, sarta para
penggedhé ing negara mau bakal ngerèh
kanthi jujur.
2 Saben penggedhé dadi pengayomané
rakyat samasa katempuh ing angin, lan
dadi pangungsèn samasa ana prahara.
Para penggedhé mau presasat kali sing
mili ing ara-ara samun, kaya gunung
karang ngaubi tanah cengkar sing
garing.
3 Mripaté tansah ngawasaké, lan
kupingé ngrungokaké kebutuhané
rakyat.
4 Ora bakal tumindak grusa-grusu,
nanging kanthi kawicaksanan. Apa sing
diucapaké ya mengkono sing dikarepaké.

5 Wong tanpa budi bakal ora disebut
satriya, lan wong culika ora disebut jujur.
6 Wong tanpa budi omongané
ngayawara lan sing diangen-angen
mung bab enggoné arep gawé piala.
Satembung-tembungé lan sasolah-
tingkahé nyewiyah Gusti Allah. Wong
kaliren ora diwènèhi mangan lan wong
ngelak ora diwènèhi ngombé.
7 Wong gemblung kuwi wong ala,
mula penggawéné ala kabèh. Sing
diangen-angen mung olèhé arep ngrusak
wong mlarat srana apus-apus, lan
nyegah wong mlarat supaya ora olèh
keadilan.
8 Nanging wong sing luhur budiné, jujur
lan gondhèlan kabeneran.
9 Hé para wong wadon sing uripé ayem,
sarwa kecukupan, rungokna tembungku!
10 Saiki kowé padha ayem-ayem,
nanging taun ngarep ing wektu kaya
ngéné iki atimu bakal semplah, merga
panèné anggur wurung.
11 Sepréné uripmu kepénak lan
sarwa kecukupan, nanging saiki padha
gemetera! Sandhanganmu suwèken lan
nganggoa bagor.

12 Padha ngelusa dhadha merga susah,
sebab sawah-sawah sing subur lan
kebon-kebon anggur bakal padha
dirusak.
13 Sing thukul ana ing lemahé umat-Ku
mung eri lan rerungkudan. Padha tangi
ana brayat sing tentrem uripé lan kutha
sing kebak kraméan iki.
14 Sebab kedhatoné Sang Prabu bakal
suwung lan kutha krajan bakal dadi
sepi. Omah-omah lan bètèng-bètèng
sing ngreksa kutha bakal dadi jugrugan
selawas-lawasé. Kuldi alasan bakal
saba lan wedhus-wedhus bakal padha
nyenggut ing pasuketan kono.
15 Nanging Gusti Allah bakal ngesokaké
Rohé menèh. Lemah sing cengkar
bakal dadi loh, lan sawah-sawah bakal
ngetokaké panèn akèh.
16 Sanegara kabèh bakal kanggonan
kabeneran lan keadilan.
17 Sebab saben wong bakal nindakaké
kabeneran, mula saenggon-enggon
bakal ana katentreman langgeng.
18 Umaté Allah bakal padha ora
sumelang, lan brayaté bakal ngalami
tentrem rahayu. (Alas-alas bakal
karusak, lan kuthané kajugrugaké.)

19 Saben wong bakal bungah, sebab
tanduran-tanduran bakal padha olèh
banyu akèh lan ing ngendi-endi ana
panggonan kanggo kuldi lan raja-kaya
liya-liyané. Nanging mungsuhmu
bakal kaya alas sing diudani watu, lan
kutha-kuthané bakal digempur.
20 (32:19)
33 1 Mungsuh-mungsuh kita bakal
padha nampa paukuman! Padha
kaya dirampog lan kapusan, senajan
ora ana sing ngrampog lan ora ana
sing ngapusi. Sebab wektuné ngrampog
lan ngapusi wis rampung, lan dhèwèké
dhéwé bakal dadi kurban rampogan lan
apus-apusan.
2 Dhuh Allah, mugi melasi kawula.
Kawula sami njagèkaken Paduka. Saben
dinten kawula mugi Paduka reksa lan
kaentasna ing mangsa karibedan.
3 Menawi Paduka perang kanggé
kawula, bangsa-bangsa badhé sami
keplajeng margi gemuruhing peprangan.
4 Barang darbèkipun badhé dipun serbu
lan dipun jarah-rayah.
5 Iba ageng kaluhuranipun Allah!
Panjenengané ngwasani samubarang.

Panjenengané bakal ngebaki Yérusalèm
nganggo kabeneran lan keadilan,
6 sarta paring kabegjan marang umaté.
Umaté bakal direksa sarta diparingi
kawicaksanan lan kawruh. Pangabekti
marang Allah bakal dadi kasugihané.
7 Para perwira bakal padha sambat-
sambat njaluk tulung. Para utusan kang
njaluk rukun padha nangis kelara-lara.
8 Ing dalan-dalan gedhé bakal akèh
bebayané, nganti wong padha wedi
liwat kono. Prejanjian-prejanjian bakal
diblénjani; ora ana wong sing digugu.
9 Lemah padha bera lan ditinggal
suwung. Alas-alasé Libanon padha alum;
Lebak Saron sing loh malih dadi ara-ara
samun. Ing Basan lan ing Gunung
Karmèl godhongé wit padha gogrog.
10 Pangandikané Allah marang para
bangsa, "Saiki Aku bakal tumindak. Aku
bakal nedahaké gedhéné pangwasa-Ku.
11 Rancanganmu ora ana gunané,
lan sapenggawému ora ana paédahé.
Roh-Ku kaya geni sing memangsa lan
numpes kowé.
12 Kowé bakal remuk kaya watu
gamping sing diobong kanggo gawé
kapur, kaya eri sing diobong dadi awu.

13 Sakèhé wong sing adoh utawa
cedhak padha sumurupa apa sing
wis Daktindakaké, lan ngakonana
pangwasa-Ku."
14 Wong ing Sion padha gawé dosa
padha gemeter, pangucapé, "Keadilané
Allah kuwi kaya geni sing murub sing
ora sirep ing selawasé. Sapa sing betah
ngadhepi geni sing kaya mengkono?"
15 Wong sing betah yakuwi wong sing
nglakoni kabeneran lan sing jujur.
Pangwasamu aja kokenggo nganiaya
wong miskin lan kowé aja nampani
besel. Aja rerukunan karo wong sing
ngrerancang gawé pati, utawa piala
liyané.
16 Yèn mengkono kowé bakal slamet.
Kowé bakal krasa tentrem kaya wong
sing ana ing bètèng sentosa. Kowé
bakal ora kekurangan pangan lan
ombèn-ombèn.
17 Mbésuk kowé bakal ndeleng raja
kang ngampil kamulyan ngerèh negara
sing gedhé.
18 Biyèn kowé wedi banget yèn
ketekan tukang pajegé penjajah lan
mata-matané; prekara kuwi bakal ora
kokélingi menèh.

19 Kowé bakal ora ndeleng menèh
penjajah sing angkuh guneman nganggo
basa sing ora kokngertèni tegesé.
20 Delengen Sion, kutha panggonan
kita mèngeti dina-dina riaya agama.
Delengen Yérusalèm! Iba aman lan
sentosané kutha kuwi. Kaya kémah sing
ora bakal dielih, sing pathoké ora bakal
dibedhol lan tali-taliné ora bakal diuculi.
21 Pangéran bakal ngetingalaké
kaluhurané. Kita bakal nyandhing kali lan
kali akèh, nanging bakal ora ana prauné
mungsuh sing lelayaran ing kono.
22 Tali-talining prau bakal ora kanggo.
Layar-layaré ora prelu dijèrèng! Raja-
branané mungsuh bakal kita rampas
kabèh. Saking akèhé nganti wong
lumpuh waé bisa olèh panduman.
Pangéran piyambak sing bakal dadi raja
kita. Panjenengané bakal ngerèh kita.
23 (33:22)
24 Ing tanah kita kono bakal ora ana
wong lara, lan sakèhé dosa bakal
diapura.

34 1 Hé para umat, padha majua!
Padha ngumpula lan ngrungokna!
Sakèhé wong kang ana ing bumi, padha
majua lan ngrungokna.

2 Pangéran duka marang para umat, lan
marang para angkatan perangé. Kabèh
wis padha kadhawahan paukuman.
3 Jisimé bakal ora dikubur, gemléthak
nganti bosok lan mambu. Punthuk-
punthuk bakal dadi abang merga déning
getih.
4 Srengéngé, rembulan lan lintang-
lintang sirna, langit digulung kaya
kertas. Lintang-lintang bakal rontog
kaya godhong sing gogrog saka wité.
5 Gusti Allah wis nyawisaké pedhangé
ana ing swarga, lan bakal tumuli
nggebag Édom, bangsa sing wis ditibani
paukuman karusakan.
6 Pedhangé bakal gluput getih lan
gajih, kaya getih lan gajihé wedhus sing
dienggo kurban. Pangéran bakal ngasta
kurban iki ana ing Bozra. Panjenenganė
bakal nganakaké pasembelèhan gedhèn
ana ing tanah Édom.
7 Ing kono wong-wong bakal padha
ambruk kaya sapi lan kebo lanang. Bumi
bakal dadi abang merga saka getih lan
gajih sing kawutahaké ana ing kono.
8 Yakuwi wektuné Pangéran ngluwari
Sion lan males mungsuh-mungsuhé.

9 Kali-kaliné Édom bakal malih dadi tir
lan lemahé dadi lirang. Satanah kono
kabèh bakal kobong kaya tir.
10 Bakal murub rina lan wengi, lan
kukusé bakal kemelun ing selawas-
lawasé. Buminé bakal bera pirang-pirang
abad lawasé. Ora ana wong sing gelem
liwat kono menèh.
11 Manuk beluk lan gagak bakal gentèn
manggon ing kono. Gusti Allah bakal
mbalèkaké tanah kono kaya kaanané
jagad nalika durung dititahaké.
12 Ora ana raja sing ngratoni tanah
kono, lan para penggedhéné bakal ora
ana kabèh.
13 Mung eri lan bebondhotan bakal
thukul ing kedhaton-kedhaton lan ing
kutha-kutha sing dikubengi témbok-
témbok. Asu ajag lan manuk beluk bakal
padha manggon ing kono.
14 Kéwan galak bakal padha saba
mrono, lan para dhemit padha saban-
sinaban. Dhemit sing metu bengi nemu
panggonané kanggo ngaso.
15 Manuk beluk bakal nusuh, ngendhog
lan ngengremi piyiké, sarta diopèni.
Mengkono uga manuk beri iya bakal
padha nglumpuk mrono.

16 Tlitinen lan wacanen ing Kitabé
Pangéran bab titah-titah sing urip; apa
sing disebut ana ing kono. Kéwan iki
kabèh bakal ana ing kono, lan ora ana
siji-sijia sing ora ana kancané. Kuwi
wis dadi kersané Allah; Panjenengané
piyambak kang nggathukaké para titah
mau.
17 Pangéran piyambak sing andum
tanah marang saben titah dadi
pandumané. Para titah mau bakal padha
nampani pandumané lan manggon ing
kono turun-temurun.

35 1 Ara-ara lan lemah mati bakal
padha bungah-bungah, lan
kembang-kembang padha megar ing
ara-ara samun.
2 Kaya kembang mawar sing abyor
megar bebarengan, mengkono enggoné
padha surak-surak saka bungahé.
Éndahé kaya Gunung Libanon, lan
suburé kaya Lebak Karmèl lan Saron.
Saben wong bakal nyawang kamulyané
Pangéran, kaluhuran lan pangwasané.
3 Tangan sing lemes ora bisa ngglawat
padha kuwatna, lan dhengkul sing
théklok padha jejegna.

4 Saben wong sing semplah atiné
kandhanana, "Sing tatag lan aja wedi!
Pangéran bakal rawuh mitulungi kowé,
lan bakal nggebag para mungsuhmu."
5 Wong wuta bakal bisa ndeleng, wong
budheg bakal bisa krungu.
6 Wong lumpuh bakal mlumpat kaya
menjangan, wong bisu bisa surak-surak,
ing segara wedhi bakal metu banyuné,
lan kali-kali bakal mili ana ing ara-ara
samun.
7 Tanah sing panas mau bakal malih
dadi tlaga, lan lemah sing garing bakal
metokaké tuk pirang-pirang. Panggonan
sing lumrahé dienggoni asu ajag, bakal
kethukulan suket lan glagah.
8 Ing kono bakal ana dalané gedhé sing
karan, "Dalaning Kasucèn." Wong dosa
ora bakal ngambah dalan kuwi, lan bakal
ora ana wong tanpa-budi sing nasaraké
wong sing ngambah dalan mau.
9 Ing kono bakal ora ana singané, lan
kéwan galak liyané iya ora saba ing
kono. Wong sing padha dislametaké
déning Pangéran bakal padha ngambah
dalan kuwi.
10 Wong-wong mau bakal teka ing
Yérusalèm kanthi bungah, karo memuji

lan surak-surak. Selawasé bakal padha nemu kabegjan, lan sajegé bakal ora nandhang prihatin lan kasusahan.

36 [1] Nalika Raja Hizkia enggoné jumeneng raja ing Yéhuda nyandhak patbelas tauné, Sanhérib raja Asyur nyerang lan nelukaké kutha-kuthané Yéhuda sing sentosa.

[2] Sanhérib banjur ndhawuhi Rabsakèh, sénapatiné, budhal saka Lakhis menyang Yérusalèm karo nggawa tentara akèh, saprelu nemoni Raja Hizkia, supaya gelema teluk. Para perwiràné Rabsakèh mau padha ngadeg ing dalan, panggonané tukang tenun, sacedhaké slokan sing ngilèkaké banyu saka blumbang ing dhuwur.

[3] Ana ing kono para perwira mau dipethukaké déning utusané Hizkia, yakuwi Èlyakim bin Hilkia, penggedhéné kedhaton, lan Sèbna, sèkretaris negara, sarta Yoah bin Asaf, penggedhéné kahartakan.[m]

[4] Para perwira kandha yèn Raja Sanhérib kepéngin pirsa apa sing diendelaké Raja Hizkia déné rumangsa kuwat.

---

[m] kahartakan: juru-gedhong.-gedhong.

5 Dhawuhé Sanhérib marang Hizkia
mengkéné, "Apa kokkira tembung
thok bisa nandhingi kekuwatan lan
ketrampilané tentara. Sapa sing manut
pengiramu arep ngréwangi kowé
nglawan raja Asyur?
6 Apa kowé njagakaké pitulungané
wong Mesir, nanging kuwi presasat
wong mlaku tekenan glagah. Glagahé
bakal tugel lan nyocog tanganmu. Ya
mengkono kuwi kaanané raja Mesir,
bakal mung gawé gelané saben wong
sing njagakaké pitulungané."
7 Para perwira Asyur mau kandha
menèh mengkéné, "Utawa, apa kowé
ngendelaké Pangéran Allahmu? Apa kuwi
dudu Allah sing papané ing punthuk-
punthuk lan mesbèh-mesbèh sing
wis dirusak déning Hizkia. Lan banjur
akon wong Yéhuda lan wong-wong
ing Yérusalèm supaya padha sujud ing
ngarepé mesbèh siji waé.
8 Wis, saiki atas asmané Sang Prabu
Sanhérib aku ngajak totohan karo kowé.
Kowé bakal dakwènèhi jaran rong èwu,
angger kowé bisa nganakaké wong sing
nunggangi.

9 Kowé dudu tandhingé prejurit Asyur,
senajan prejurit mung sing asor dhéwé
pangkaté. Éwasemono kowé ngarep-
arep kréta perang lan jaran saka wong
Mesir.
10 Apa kokkira enggonku nyerang
negaramu lan dakiles-iles kuwi ora atas
kersané Pangéran Allahmu piyambak
sing ndhawuhi aku supaya nyerang lan
ngrusak negaramu."
11 Èlyakim, Sèbna lan Yoah banjur
kandha karo Rabsakèh mengkéné,
"Kula aturi ngandika mawi basa Aram
kémawon, kula sami ngertos. Sampun
mawi basa Ibrani, mindhak tiyang-tiyang
ingkang sami ngadeg ing témbok menika
sami ngertos."
12 Wangsulané Rabsakèh, "Apa kokkira
aku mung kautus nemoni kowé lan
rajamu thok? Ora, aku iya kandha karo
rakyat sing padha nglésod ing bètèng
kuwi, sing sedhéla menèh bakal mangan
kotorané dhéwé lan ngombé uyuhé, ora
béda karo kowé dhéwé."
13 Para perwira Asyur mau banjur
kandha nganggo basa Ibrani,
"Pangandikané raja Asyur marang
kowé mengkéné,

14 ‘Kowé aja padha kena diapusi Hizkia.
Hizkia ora bisa mitulungi kowé.
15 Lan kowé aja gelem dibujuk, dikon
precaya marang Gusti Allah. Aja ngira
yèn Gusti Allah bisa nylametaké kowé
lan bisa nyegah tentara Asyur nelukaké
kuthamu.
16 Aja ngrungokaké kandhané Hizkia!
Raja Asyur dhawuh, supaya kowé padha
metu saka kutha lan padha teluka. Kowé
bakal diparengaké mangan wohé wit
anggur lan wit anjirmu, sarta ngombé
banyu saka kulahmu dhéwé,
17 nganti tekan titimangsané Sang
Prabu Asyur mapanaké kowé ing tanah
sing akèh èmperé karo tanahmu iki.
Ana kebon anggguré sing peresané kena
kokombé lan gandum sing kena kokgawé
roti.
18 Aja kena diapusi Hizkia, sing kandha
yèn kowé bakal diluwari déning Allah.
Apa ana allahé bangsa-bangsa sing
bisa ngluwari bangsa-bangsa mau saka
tangané raja Asyur?
19 Ana ing endi allahé Hamat lan Arpad?
Endi allahé Séfarwaim? Apa allah-allah
mau ngluwari Samaria?

20 Apa ana allah-allahé bangsa-bangsa
mau sing bisa ngluwari negarané saka
tangané Sanhérib? Apa kokkira Pangéran
bakal mitulungi Yérusalèm?'"
21 Rakyat padha meneng waé, kaya
piwelingé Raja Hizkia; ora ana sing muni
sakecap-kecapa.
22 Èlyakim, Sèbna lan Yoah merga saka
sedhihé padha nyuwèk sandhanganė,
banjur padha séba ing ngarsané Sang
Raja Hizkia, ngaturi pirsa apa sing
dikandhakaké déning para utusané
Sanhérib, raja Asyur.

37 1 Bareng Sang Raja Hizkia
midhanget laporané Èlyakim
sakancané, banjur nyuwèk agemané lan
tindak menyang Pedalemané Allah.
2 Èlyakim, penggedhéné kedhaton,
Sèbna, sèkretaris negara lan
penggedhéné para imam diutus
nemoni Yésaya bin Amos. Wong-wong
mau padha nganggo bagor.
3 Welingé Sang Prabu marang Yésaya
mengkéné, "Dinten menika dintening
kasisahan. Kita dipun gebag déning Allah
lan dipun kawonaken. Kita kados tiyang
èstri ingkang badhé nglairaken, nanging
mboten gadhah kekiyatan kanggé uwat.

4 Raja Asyur sampun ngutus perwira-
perwira pangkat inggil, ingkang sami
ngawon-awon dhateng asmanipun
Allah, ingkang sipat gesang. Mugi-mugi
Allah panjenengan miyarsakaken
panyenyamah wau sarta ngukum tiyang
ingkang ngucapaken. Panjenengan kula
aturi ndongakaken rakyat ingkang taksih
kantun gesang."
5 Bareng mireng welingé Raja Hizkia
mau,
6 Yésaya banjur ndhawuhi utusan
mau bali sowan ing ngarsané Sang
Prabu menèh, karo dingandikani
mengkéné, "Pangéran dhawuh supados
panjenenganipun Sang Prabu mboten
ajrih dhateng tembungipun raja Asyur,
ingkang criyos bilih Allah mboten saged
ngluwari panjenengan.
7 Allah badhé ndhatengaken swanten
gemuruh, ingkang njalari raja Asyur
badhé wangsul dhateng negarinipun.
Sesampunipun dumugi ing ngrika raja
wau badhé dipun pejahi déning Allah."
8 Para utusané raja Asyur krungu yèn
Sang Prabu wis nilar Lakhis lan nyerang
kutha Libna, sing ora adoh saka kono.

Mulané para utusan mau padha sowan
Sang Prabu nyuwun pitedahé.
9 Nanging wong Asyur krungu kabar,
yèn tentara Mesir teka, dipimpin déning
Raja Tirhakah saka Sudan, arep nyerang
tentara Asyur. Bareng mireng sing
mengkono mau raja Asyur banjur kirim
layang marang Raja Hizkia mengkéné,
10 "Kowé olèh ketrangan saka Allah sing
koksembah, yèn bakal ngluwari kowé.
Nanging kowé aja kena diapusi.
11 Kowé wis ngerti apa sing ditindakaké
déning raja Asyur marang negara sing
ditelukaké. Apa kokkira kowé bakal bisa
oncat?
12 Leluhurku wis padha nggempur
kutha-kutha Gozan, Haran lan Rèsèf
sarta matèni wong-wong Bèt-Èden, sing
manggon ing Telasar, lan ora ana allahé
siji waé sing bisa ngluwari wong-wong
mau.
13 Endi saiki raja-rajané kutha Hamat,
Arpad, Séfarwaim, Héna lan Iwa?"
14 Raja Hizkia sawisé nampani layang
mau diwaca, banjur tindak menyang
Pedalemané Allah. Layang mau dijèrèng
ana ing ngarsané Allah.

15 Raja Hizkia ndedonga marang Allah,
unjuké,
16 "Dhuh Pangéran, Allahipun Israèl
Ingkang Mahakwasa, ingkang pinarak
ing dhampar sinanggi déning swiwining
kérub. Paduka piyambak ingkang
jumeneng Allah, ingkang mengku
sakathahing kraton ing donya. Paduka
ingkang nitahaken bumi lan langit.
17 Dhuh Allah, mugi miyarsakaken atur
kawula, sarta mirsanana kedadosan
ingkang sami kawula alami. Kersaa
miyarsakaken sedaya tembung
pengawon-awon ingkang dipun
ucapaken déning Sanhérib dhateng
Paduka, Allah ingkang sipat gesang.
18 Kawula sami mangertos, dhuh Allah,
bilih para raja Asyur sampun numpes
bangsa pinten-pinten sarta ngrisak
negari-negarinipun.
19 Tuwin mbesmi brahala-brahalanipun,
mergi menika pancèn sanès allah,
namung barang saking kajeng lan séla
damelaning tanganipun manungsa.
20 Dhuh Allah, ingkang menika kawula
mugi Paduka luwari saking tanganipun
tiyang Asyur, supados sakathahing
kraton sajagad sami sumerep bilih

namung Paduka piyambak ingkang
jumeneng Allah."
21 Kecrita Yésaya bin Amos banjur
utusan matur marang Raja Hizkia
mengkéné, "Dhawuhipun Pangéran
mekaten, ‘Kang koksuwun ing
pandongamu marang Aku ing
ngatasé Sanhérib, raja ing Asyur,
wis Dakpiyarsakaké.’
22 Dhawuhipun Gusti Allah dhateng
Sanhérib mekaten, ‘Sanhérib, kowé
mung digeguyu lan disepèlèkaké déning
wong Yérusalèm.
23 Rumangsamu sing kokwewada lan
kokala-ala kuwi sapa? Ora liya Kang
Mahasuci, Allahé Israèl.
24 Lantaran wong-wong kongkonanmu
kowé ngumukaké yèn srana kréta
perangmu kowé wis munggah tekan
pucaké Gunung Libanon sing dhuwur
dhéwé. Kowé ngumukaké enggonmu wis
ngrubuhaké wit sédar sing gedhé dhéwé
lan mbabadi wit èrès, malah wis mlebu
ing alasé sing jero dhéwé.
25 Kowé ngumukaké enggonmu wis
ngedhuk sumur-sumur lan ngombé
banyu ing tanah manca, lan tlapakané

tentaramu wis ngidak-idak Bengawan Nil
nganti garing.
26 Apa kowé ora krungu yèn kuwi
mau kabèh kelakoné merga Aku
sing ngrancang dhèk jaman sing wis
kepungkur, lan saiki Daktindakaké. Aku
wis paring pangwasa marang kowé
ngrubuhaké bètèngé kutha-kutha,
supaya dadia jugrugan.
27 Bangsa-bangsa sing manggon ana
ing kono padha ora keconggah nglawan,
mulané padha giris lan éram. Wong-
wong mau kaya suket ing ara-ara utawa
thethukulan ing payon sing kebrongot
déning angin panas saka Wétan.
28 Nanging Aku pirsa kaananmu lan
penggawému sarta menyang endi
paranmu. Aku pirsa yèn kowé nepsu
banget karo Aku.
29 Aku wis miyarsa bab enggonmu
ngamuk lan bab gemunggungmu, lan
saiki Aku bakal masang keluh ana ing
irungmu lan kendhali ing cangkemmu,
sarta kowé bakal Dakulihaké metu dalan
sing kokambah nalika kowé teka.'"
30 Yésaya banjur munjuk marang Raja
Hizkia, "Tandhanipun bilih prekawis-
prekawis wau badhé kelampahan

menika mekaten: Taun menika lan taun
ngajeng tiyang badhé nedha gandum
ingkang thukul piyambak, nanging taun
candhakipun badhé sami saged nyebar
sarta ngenèni gandum wau, saha nanem
anggur lan nedha kismis.
31 Kekantunanipun Yéhuda ingkang
gesang badhé ngrebda kados taneman
ingkang lema, ingkang ngoyod ngantos
lebet, sarta ngedalaken woh kathah.
32 Ing Yérusalèm lan ing Gunung
Sion badhé wonten tiyang ingkang
oncat saking pejah, awit Pangéran
Allah Ingkang Mahakwasa ngersakaken
mekaten."
33 "Mekaten pangandikanipun Pangéran
ingatasipun Sanhérib raja ing Asyur:
‘Sanhérib bakal ora mlebu kutha kono
lan ora nglepasaké panah siji-sijia.
Ora ana prejurit nggawa tamèng sing
bakal nyedhak kutha, lan ora ana
menara-menara kanggo njaga kutha
didegaké sakubengé Yérusalèm.
34 Sanhérib bakal bali metu dalan sing
diambah dhèk nalika tekané, tanpa
mlebu kutha Yérusalèm. Aku, Pangéran,
sing ngandika,

35 sebab Aku sing bakal njaga lan
ngayomi kutha kuwi, demi Pedaleman-
Ku lan janji-Ku marang abdi-Ku
Dawud.'"
36 Malaékaté Pangéran nyerang barisan
tentara Asyur lan matèni tentara
185.000. Ésuké, nalika isih umun-umun
tentara-tentara mau katon pating
gléthak, kabèh wis mati!
37 Raja Sanhérib banjur bali menyang
Ninewé.
38 Ing sawijining dina nalika Sang
Raja lagi arep nyembah Nisrokh, déwa
pepundhèné, dumadakan disédani
putrané kakung loro, Adramèlèkh lan
Sarèzèr, nganggo pedhang lan wong
loro mau banjur padha oncat menyang
tanah Ararat. Putrané liyané, Ésar-Hadon
nggentèni jumeneng raja.

38 1 Ing nalika semana Raja
Hizkia kecandhak gerah nganti
mèh séda. Nabi Yésaya bin Amos
banjur sowan sarta matur marang
panjenengané, "Dhawuhipun Pangéran
mekaten, 'Apa sing kudu kokprenata
bèrèsna, sebab laramu bakal ora mari.
Kowé bakal kapundhut.'"

2 Hizkia karo rainé madhep témbok
ndedonga,
3 "Dhuh Allah, kersaa ngèngeti, bilih
pangabekti kawula dhateng Paduka
kalayan temen lan gumolonging manah.
Kawula tansah ngudi nglampahi menapa
ingkang Paduka kersakaken." Hizkia
karo nangis kelara-lara.
4 Pangéran banjur dhawuh marang
Yésaya supaya bali sowan Hizkia menèh,
5 didhawuhi munjuk mengkéné, "Aku
Pangéran, Allahé leluhurmu Dawud,
Aku wis miyarsa pandongamu lan pirsa
luhmu; lah umurmu bakal Daktambahi
limalas taun.
6 Aku bakal ngluwari kowé lan kutha
Yérusalèm saka tangané raja Asyur lan
saterusé Aku bakal njaga ngayomi."
Yésaya nuli ndhawuhi wong ngremet woh
ara, lan diosèraké ing lelarané Hizkia
supaya mari. Raja Hizkia nyuwun pirsa,
"Menapa ingkang dados tandhanipun
bilih kula badhé saged sowan dhateng
Pedalemanipun Allah?"
7 Unjuké Yésaya, "Allah badhé paring
pretandha dhateng panjenengan,
kanggé mbuktèkaken bilih janjinipun
badhé dipun tetepi. Pangandikanipun,

8 ‘Ayang-ayangan jarum jamé Raja
Ahas, bakal Dakgawé mundur sepuluh
tapak.’ Pramila miturut ayang-ayangan
jarum jam wau surya lampahipun badhé
mundur sedasa jam."
9 Bareng wis mantun saka gerahé,
Raja Hizkia banjur nyerat kidung
pamuji, ngluhuraké asmané Pangéran
mengkéné:
10 Bareng nyandhak nedheng-nedhengé
umurku aku kepeksa mlebu ing
gapuraning pati, dadi ora ngentèkaké
umurku.
11 Aku bakal ora nyawang menèh
Pangéran ana ing donyané wong urip.
Mengkono uga ora bakal nyawang wong
liya-liyané sing isih urip.
12 Uripku wis dibubrah lan wis rampung,
kaya kémahé pangon sing dirubuhaké,
kaya mori sing dipedhot benangé déning
tukang tenun, banjur digulung. Gusti
Allah négakaké aku kaya mengkono
kaananku.
13 Kaya singa Panjenengané enggoné
ngremuk sakèhé balungku. Aku nganti
sambat-sambat rina lan wengi merga
saka larané.

14 Aku ngrintih swaraku lirih, kaya
manuk sriti, lan gereng-gereng kaya
manuk dara. Mripatku nrocos merga
tumenga ing langit, pesambatku, "Dhuh
Allah, kawula kaluwarana saking sesakit
menika."
15 Aku kudu matur kepriyé? Allah
piyambak kang nindakaké kuwi mau
kabèh. Lara atiku, nganti aku ora bisa
turu.
16 Dhuh Allah, kawula badhé gesang
kagem Paduka, inggih kagem
Paduka piyambak. Paduka ingkang
sampun nyarasaken kawula, mugi
nglestantunaken gesang kawula.
17 Manah kawula ingkang sakit
badhé wangsul tentrem malih. Kawula
kaluwarana saking sakathahing bebaya;
dosa-dosa kawula mugi Paduka apunten
sedaya.
18 Wonten ing jagadipun tiyang pejah
mboten wonten ingkang ngluhuraken
asma Paduka; tiyang pejah mboten
pitados dhateng kasetyan Paduka.
19 Ingkang memuji Paduka menika
tiyang gesang, kados enggèn
kawula memuji samenika. Para bapa

nyariyosaken dhateng anak-anakipun
bab kasetyan Paduka.
20 Dhuh Pangéran, Paduka sampun
nyarasaken kawula, pramila kawula
badhé memuji kasaénan Paduka
mawi swantening clempung, tuwin
ngluhuraken asma Paduka wonten ing
Pedaleman Paduka selaminipun gesang.
21 (38:6)
22 (38:6)

39

1 Ing kala semana Merodhah,
raja ing Babil, putrané Baladan,
mireng yèn Hizkia mentas gerah banget,
lan saiki wis dhangan. Mulané banjur
kirim layang, dikanthèni tandha mripat.
2 Para utusan saka Babil mau ditampèni
déning Raja Hizkia piyambak, ditedahi
kasugihané: barang-barang kagungané
sing rupa slaka, emas, anggi-anggi
lan lenga-lengané sing adi, apa déné
praboting perang kabèh, sarta apa
waé sing kasimpen ana ing gedhong
pasimpenan. Ora ana barang siji waé
sing ora ditedahaké marang para utusan.
3 Nabi Yésaya nuli sowan Sang Prabu,
unjuké, "Tiyang-tiyang menika saking
pundi lan sami matur menapa dhateng

panjenengan?" Pangandikané Hizkia,
"Saking negari tebih, negari Babil!"
4 Yésaya nyuwun pirsa menèh, "Sami
ningali menapa kémawon wonten
ing kedhaton?" Pangandikané Hizkia,
"Sami ningali samukawis. Mboten
wonten barang simpenaning kedhaton
ingkang mboten kula tedahaken dhateng
tiyang-tiyang menika."
5 Yésaya nuli matur, "Pangéran Ingkang
Mahakwasa ngandika mekaten,
6 ‘Bakal tekan wektuné samubarang
sing ana ing kedhaton lan apa waé sing
disimpen tekan dina iki ana ing gedhong
simpenané para leluhurmu bakal diusung
menyang Babil. Bakal ora ana barang siji
waé sing kari.
7 Lan anakmu lanang sawetara bakal
ana sing kapundhut déning raja Babil
kadadèkaké batur ana ing kedhatoné.’"
8 Wangsulané Hizkia marang Yésaya,
"Pangandikanipun Allah ingkang
panjenengan lairaken menika prayogi
sanget!" Nanging ing batin Hizkia
ngunandika, "Angger sajroné isih urip iki
aku ngalami katentreman!"

40

1 Pangandikané Allahmu
mengkéné, "Umat-Ku lipuren!
Lipuren!"
2 Atiné wong-wong ing Yérusalèm
padha gawénen bungah. Kandhanana
yèn olèhé nandhang sangsara wis katog,
lan saiki dosané wis diapura. "Enggon-Ku
ngukum dosa-dosané wis katog."
3 Ana swara mengkéné, "Nyawisna
dalan sing diambah déning Pangéran ana
ing ara-ara samun! Dalan ing ara-ara
samun sing kagem Allah ratanen.
4 Sing legok urugana, sakèhé gunung
lan punthuk-punthuk ratanen. Gunung
bakal dadi papak, lan lemah sing
mendhak mendhukul dadi rata.
5 Kamulyané Allah bakal kawedharaké,
lan saben wong bakal nyipati; Allah
piyambak kang ngandikakaké."
6 Ana swara keprungu, "Wartakna!"
Unjukku, "Menapa ingkang kedah kawula
wartosaken?" "Wartakna yèn manungsa
kabèh kuwi kaya suket; kaya kembang
ing ara-ara.
7 Samasa Allah nekakaké angin liwat ing
kono, suketé dadi garing lan kembangé
alum. Manungsa kekuwatané ora
ngungkuli suket.

8 Suket bakal garing lan kembangé
bakal alum, nanging pangandikané Allah
langgeng selawasé."
9 Hé Sion, sing didhawuhi martakaké
kabar sing mbungahaké, munggaha ing
gunung sing dhuwur. Swaramu ucapna
sing seru! Hé Sion, wartakna kabar mau!
Kandhakna lan aja wedi. Kutha-kutha
ing Yéhuda kandhanana yèn Pangéran
Allahé bakal rawuh!
10 Allah Kang Mahakwasa rawuh bakal
ngerèh kanthi pangwasa gedhé, lan
rawuhé bakal ngirid wong-wong sing
diluwari.
11 Panjenengané bakal ngrimati umat
kagungané kaya pangon; cempé-cempé
bakal diklumpukaké lan dibopong;
lan wedhus sing nusoni bakal digiring
alon-alon.
12 Apa ana sing bisa naker segara
nganggo tangané, utawa ngilani langit
nganggo drijiné? Apa ana sing bisa naker
lebuné bumi nganggo cangkir, utawa
nimbang gunung lan punthuk-punthuk
nganggo timbangan?
13 Apa ana sing bisa naséhati Pangéran
bab apa sing kudu ditindakaké? Sapa

sing bisa mulang Panjenengané utawa
ngaturi pamrayoga?
14 Sapa sing dipundhuti pirsa
déning Allah, prekara sing tumrap
Panjenengané ora cetha, utawa sing
nuturi Panjenengané bab carané
tumindak?
15 Tumraping Allah, bangsa-bangsa
kuwi dudu apa-apa, mung presasat
banyu setètès, lan pulo-pulo kabèh
mung presasat bledug.
16 Sato kéwan ing alas Libanon kabèh
durung cukup kanggo saos kurban
marang Panjenengané, lan kayuné ora
cukup kanggo nglestarèkaké urubing
geniné.
17 Bangsa-bangsa kabèh ora ana
tegesé tumraping Panjenengané.
Bangsa-bangsa mau dianggep ora ana.
18 Gusti Allah kuwi kena kokpadhakaké
sapa? Sapa sing bisa mbèbèraké
kaanané Allah?
19 Panjenengané ora kaya reca sing
digawé déning tukang, sing banjur
dilapis emas nganggo wengku[n] slaka.
20 Wong sing ora duwé slaka utawa
emas milih kayu sing awèt; banjur

---

[n]wengku: embanan..

dipasrahaké marang tukang sing pinter,
dikon gawé reca sing ora bisa rubuh.
21 Apa kowé ngerti? Apa kowé ora tau
dicritani? Apa kowé ora tau krungu
critané mula bukané jagad?
22 Bumi iki katitahaké déning
Panjenengané kang lenggah ing
dhampar sandhuwuré bumi lan
sanjabané langit. Manungsa sing ana
ing ngisor iki katoné mung kaya semut.
Panjenengané menthèng langit kaya
klambu, kaya téndha kémah supaya
kena dienggoni.
23 Panjenengané netepaké para raja lan
wong sing mréntah, banjur disirnakaké
kaya abab.
24 Wong-wong mau presasat tanduran
anyar, sing lagi tuwuh metu oyodé. Yèn
disebul déning Allah banjur kabur kabèh
kaya mrambut.
25 Gusti Allah arep kokpadhakaké karo
sapa? Sapa sing kokpadhakaké karo
Kang Mahasuci?
26 Ndelenga langit! Sapa sing nitahaké
lintang-lintang sing kokdeleng kuwi?
Sapa sing ngirid lintang-lintang
mau jumedhul kaya barisan tentara.
Panjenengané pirsa cacahé lan pirsa

jenengé siji-sijiné. Semono gedhéné
pangwasané. Ora ana lintang siji waé
sing ketriwal.
27 Israèl, yagéné kowé sesambat, yèn
Allah ora pirsa marang kasusahanmu,
lan ora mreduli yèn kowé disiya-siya?
28 Apa kowé ora ngerti? Apa kowé
durung tau krungu, yèn Allah kuwi Allah
kang langgeng, lan sing nitahaké bumi
saisiné kabèh? Panjenengané ora naté
sayah utawa lesu. Ora ana wong sing
bisa njajagi kawicaksanané.
29 Panjenengané paring kekuwatan
marang wong lesu lan wong apes,
maringi semangat marang wong sing
sayah lan lungkrah.
30 Nonoman bakal dadi sèkèng, lan bisa
ambruk merga kentèkan tenaga.
31 Nanging sing sapa ngendelaké
marang pitulungané Pangéran
kekuwatané bakal tansah dipulihaké.
Bakal padha mumbul kaya aburé
garudha; bakal padha mlayu,
éwasemono ora krasa kesel, bakal
padha mlaku, nanging ora krasa sayah.

41 1 Pangandikané Allah mengkéné,
"Hé sakèhé pulo sing adoh! Padha
menenga lan rungokna dhawuh-Ku.

Padha cecawisa ngajokaké prekaramu
ana ing pengadilan. Kowé diparingi
wektu kanggo nglairaké isining atimu.
Ayo padha maju bebarengan meruhi
sapa sing bener.
2 Sapa ta sing ngosikaké atiné wong
saka Wétan, lan ndadèkaké wong
kuwi ana ing endi waé yèn perang
mesthi menang? Sapa sing ngulungaké
para raja lan para umat ing tangané,
padha dibabad déning pedhangé mawut
presasat lebu. Padha diocar-acir déning
panahé, presasat mrambut kabur ing
angin.
3 Mungsuhé padha diburu lan baliné
padha slamet, ngliwati dalan sing durung
tau diambah.
4 Sapa sing nggawé sakèhing lelakon
mau? Sapa sing netepaké lakuné
sejarah? Aku, Pangéran sing wis wiwit
kuna mula, lan Aku, Pangéran bakal ana
tanpa wekasan.
5 Para umat ing negara-negara
sing adoh padha weruh apa sing
Daktindakaké; mula padha wedi lan
padha gemeter. Banjur padha nglumpuk
lan nyedhak."

6 Padha tulung-tinulung, sing siji
kandha karo sijiné, "Sing tatag atimu!"
7 Tukang kayu nggedhèkaké atiné
kemasan, "Éndah temen." Pandhé sing
nggemblèng wesi mbombong atiné
tukang patri sing nggarap garapané,
"Olèhmu matri apik banget." Gawéané
mau banjur dipasang nganggo paku dadi
kukuh.
8 Nanging kowé, hé Israèl abdi-Ku, umat
pilihan-Ku, tedhak-turuné Abraham,
mitra-Ku,
9 kowé Dakirid saka tapel watesé bumi;
Daktimbali saka kikising bumi sing adoh
dhéwé, karo Dakdhawuhi mengkéné,
‘Kowé kuwi abdi-Ku, kowé wis Dakpilih,
kowé ora Daktampik.’
10 Aja wedi, awit Aku nganthi kowé,
aja kuwatir, awit Aku iki Allahmu. Aku
bakal nguwataké kowé, lan kowé bakal
Dakpitulungi, sarta bakal Dakasta
ing asta-Ku tengen, sing nekakaké
kemenangan.
11 Wong sing padha nepsoni kowé bakal
padha kwirangan, lan uripé bakal nistha.
Sapa sing nglawan marang kowé bakal
nemahi pati, lan sirna saka ing bumi.

12 Kowé bakal nggolèki mungsuhmu,
nanging wis ora ana. Wong-wong sing
merangi kowé wis padha sirna.
13 Aku iki Pangéran, Allahmu; kowé
Daksentosakaké lan Aku ngandika, ‘Aja
wedi; Aku bakal mitulungi kowé.’
14 Pangandikané Pangéran, "Senajan
kowé kuwi cilik lan apes, Israèl, nanging
aja wedi; Aku bakal mitulungi kowé. Aku
iki Allahé Israèl Kang Mahasuci. Aku sing
bakal ngluwari kowé.
15 Kowé bakal Dakdadèkaké saringan
kanggo misahaké gabah karo damèn,
nganggo untu paku sing anyar lan
landhep. Gunung-gunung bakal kapisah
nganti ajur lan punthuk-punthuk
kokdadèkaké kaya mrambut.
16 Bakal koktapèni, sarta padha kabur
ing angin, lan dadi sumebar déning
prahara. Mula kowé bakal padha bungah
merga Aku jumeneng dadi Allahmu.
Kowé bakal memuji ngluhuraké Aku,
Kang Mahasuci, Allahé Israèl.
17 Menawa umat-Ku padha kasatan lan
golèk banyu, menawa gurungé garing
merga saka ngelak, Aku bakal njurungi
pandongané; Aku, Pangéran Allahé

Israèl ora bakal ninggal wong-wong
mau.
18 Punthuk-punthuk gundhul bakal ana
kaliné, lan tuk-tuk bakal ngilèkaké banyu
menyang ledhokan. Ara-ara samun bakal
Dakwalik dadi blumbang, lan tanah
cengkar dadi tuk-tuk sing lubèr banyuné.
19 Ara-ara samun bakal Daktanduri wit
èrès, wit penaga, wit murad lan wit
téasur. Tanah gundhul bakal dadi alas,
alas cemara, alas juniper lan alas siprès.
20 Wong sing ndeleng kuwi mau kabèh,
bakal weruh yèn sing nindakaké Aku,
Pangéran, Allahé Israèl. Wong-wong mau
bakal padha wiwit ngerti yèn Pangéran,
Allahé Israèl, sing nindakaké kuwi mau
kabèh."
21 Pangéran, Ratuné Israèl ngandika
mengkéné, "Hé para déwané bangsa-
bangsa, ayo padha gawé prekara. Ajokna
gugatanmu karo bukti-buktiné!
22 Mrénéa lan ramalna apa sing bakal
kelakon, supaya Aku ngerti yèn prekara
sing kokramalaké mau kelakon temenan.
Terangna ing pengadilan apa sing wis
kelakon, lan kandhakna apa tegesé.
23 Terangna apa sing bakal kelakon ing
mbésuké, dadi Aku ngerti yèn kowé kuwi

allah. Gawéa becik apa ala, supaya Aku
gumun apa wedi!
24 Kowé lan sasolahmu kabèh kuwi
mung presasat hawa, lan saben wong
sing nyembah kowé kuwi nistha!
25 Aku nangèkaké wong saka Wétan,
wong mau bakal teka nyerang saka
Lor. Wong kuwi bakal ngidak-idak para
penggedhé kaya ngidak-idak blethok,
kaya kundhi sing ngiles-iles lempung.
26 Sapa ing antaramu sing bisa ngramal
kapan kelakoné prekara mau, supaya
Aku ngerti yèn ramalanmu kuwi bener.
Ing antaramu ora ana sing bisa muni
sakecap waé; ora ana sing krungu apa
sing kokkandhakaké.
27 Aku, Pangéran sing dhisik dhéwé
martakaké marang Sion. Aku sing ngutus
utusan menyang Yérusalèm, martakaké,
‘Lah kaé wong-wongmu padha teka!
Padha teka saka pembuwangan!’
28 Aku ndeleng ngiwa-nengen, nanging
ora ana allah siji waé sing kumecap. Siji
waé ora ana sing mangsuli pitakon-Ku.
29 Allah-allah kabèh kuwi tanpa guna;
padha ora bisa apa-apa. Déwa-déwa
kuwi apes lan ora duwé daya."

42

1 Pangéran ngandika, "Lah
iki Abdi-Ku sing Dakparingi
kasektèn, pilihan-Ku, sing gawé renané
penggalih-Ku. Roh-Ku Dakparingaké,
nedhaki lan ngwaosi Abdi-Ku. Abdi-Ku
bakal nekakaké keadilan marang saben
bangsa.
2 Abdi-Ku mau bakal ora bengak-
bengok, utawa sesorah sing muluk-
muluk ing dalan-dalan.
3 Glagah sing pepes bakal ora ditugel,
lampu sing melik-melik bakal ora
dipatèni; malah bakal nekakaké keadilan
langgeng kanggo wong kabèh.
4 Atiné bakal ora gampang semplah,
lan keadilan ing bumi bakal dijejegaké.
Para bangsa sing manggon ing pulo-pulo
adoh padha nganti-anti piwulangé."
5 Gusti Allah nitahaké langit, banjur
dipenthèng; bumi digelar lan direngga
nganggo tetuwuhan. Panjenengané iya
paring urip lan ambekan marang sakèhé
manungsa. Allah ngandika mengkéné
marang Abdiné,
6 "Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
nimbali kowé. Kowé Dakparingi
pangwasa nekakaké keadilan ana
ing bumi. Lantaran kowé Aku bakal

gawé prejanjian karo umat kabèh, lan
nekakaké pepadhang marang para
bangsa.
7 Kowé bakal ngelèkaké mripaté wong
wuta lan ngluwari wong ukuman saka
pakunjaran.
8 Aku, ya mung Aku dhéwé jumeneng
Pangéran Allahmu, Aku ora maringaké
kaurmatan-Ku marang sapa waé, utawa
maringaké kamulyan-Ku marang reca
gawéané manungsa.
9 Prekara-prekara sing biyèn
Dakdhawuhaké saiki kelakon. Saiki
kowé Daktedahi prekara-prekara
anyar, sadurungé prekara-prekara mau
kelakon."
10 Padha mujia marang Allah nganggo
kidung anyar; hé jagad saisiné, pujinen
asmané! Panjenengané pujinen, hé
sakèhé wong sing lelayaran ing samodra.
Pujinen Panjenengané, hé sakèhé
tumitah sing ana ing segara! Hé
tanah-tanah sing adoh, lan sakèhé wong
sing padha manggon ing kana, padha
memujia!
11 Ara-ara samun lan kutha-kutha
padha memujia marang Allah! Umat
ing Kédar memujia Pangéran! Wong

sing padha manggon ing Séla padha
memujia kanthi sora saka pucaké
gunung-gunung!
12 Wong-wong sing padha manggon
ing tanah-tanah adoh padha memujia
kaluhurané Allah!
13 Pangéran miyos kaya perwira
sing mangkat perang; Panjenengané
samekta lan trengginas maju perang.
Kanthi swara sora ngabani lan nggugah
semangaté para prejurit. Para mungsuhé
ditedahi kasektèn lan pangwasané.
14 Pangandikané Allah mengkéné, "Wis
kepara suwé Aku meneng waé; Aku ora
mangsuli apa-apa marang umat-Ku.
Nanging saiki wis tekan wektuné Aku
njerit kaya wong wadon sing nglarani.
15 Aku bakal nggempur punthuk-
punthuk lan gunung-gunung,
nggaringaké sakèhé suket lan wit-
witan. Kali-kali lan ledhokan bakal
Dakdadèkaké tanah cengkar; tlaga-tlaga
bakal Dakdadèkaké asat.
16 Umat-Ku sing wuta bakal Daktuntun
metu dalan sing durung tau diambah.
Pepetengé bakal Dakdadèkaké
pepadhang, lan tanah sing mendhak-
mendhukul bakal dadi rata ana ing

ngarepé. Mengkono janji-Ku sing bakal
Daktindakaké kanthi sempurna.
17 Akèh wong sing precaya karo
reca-reca, lan dianggep Allah, bakal
padha kwirangan lan dikalahaké."
18 Pangandikané Allah mengkéné,
"Padha ngrungokna, hé para wong
budheg! Padha nyedhaka lan namatna,
hé wong wuta!
19 Apa ana sing luwih picak tinimbang
abdi-Ku, luwih budheg tinimbang
utusan-Ku?
20 Israèl, akèh sing kokdeleng, nanging
apa gunané kanggo kowé? Kowé duwé
kuping kanggo ngrungokaké, nanging
apa sejatiné sing kokrungu?"
21 Gusti Allah kumudu-kudu paring
pitulungan, mulané paring dhawuh lan
piwulang kang mulya. Lan kersané
supaya umaté ngurmati Panjenengané.
22 Nanging umaté wis dijarah-rayah;
padha kabanda lan dikunjara ana
ing panggonan sing ndhelik. Padha
dijarah-rayah tanpa ana sing teka
mitulungi.
23 Sapa ing antaramu sing gelem
ngrasak-ngrasakaké pepéling kuwi?

Sapa sing wiwit saiki gelem ngrungokaké
lan nggatèkaké?
24 Sapa sing ngulungaké bangsa Israèl
ing tangané wong sing njarah-rayah?
Sing ngulungaké kuwi Allah piyambak,
merga saka dosané umat Israèl marang
Panjenengané. Merga kita padha ora
nglakoni sing dadi kersané, urip kita ora
manut dhawuh-dhawuh lan piwulangé.
25 Mulané kita ketiban paukumané lan
kudu padha ngrasakaké kasangsarané
perang. Mulading paukumané presasat
ngobong rata satanah kabèh,
éwasemono kita padha ora ngerti
apa tegesé kedadéan kuwi mau kabèh;
kita padha ora nitèni lan ora olèh kawruh
apa-apa.

43 1 Allah kang nitahaké Israèl
ngandika mengkéné, "Aja wedi,
kowé bakal Dakpitulungi. Kowé wis
Daktimbali kanthi nyebut jenengmu.
Kowé kuwi kagungan-Ku.
2 Yèn kowé nyabrang banyu sing jero,
Aku bakal nunggal karo kowé; kowé
bakal ora kleleb lan nemu kasangsaran.
Yèn kowé mlaku ngambah geni, bakal
ora geseng. Sakèhé kasusahan lan
kasangsaran bakal ora gawé laramu.

3 Merga Aku iki Pangéran Allahmu, Kang
Mahasuci, Allahé Israèl, Juru Slametmu.
Mesir Dakagem dadi tebusanmu, lan
Étiopia lan Séba Dakkalahaké dadi
gantimu.
4 Sarèhné kowé Dakanggep becik,
Dakkasihi lan Dakajèni, mulané akèh
bangsa sing Dakkalahaké dadi lirumu,
supaya kowé kapitulungan.
5 Mulané aja wedi, sebab Aku nunggil
karo kowé! Aku bakal ngulihaké wong-
wong Israèl saka Wétan, sing cedhak,
lan saka Kulon, tanah sing adoh dhéwé.
6 Tanah-tanah ing Lor bakal
Dakdhawuhi, budhalna, lan tanah-
tanah Kidul Dakngandikani, aja
kokcandhet. Karebèn umat-Ku bali saka
tanah-tanah adoh, saka pojok-pojoké
bumi.
7 Umat kuwi kagungan-Ku, Daktitahaké
supaya Aku kaluhuraké!"
8 Gusti Allah ngandika mengkéné,
"Umat-Ku ladèkna ing pengadilan. Awit
padha duwé mripat, nanging picak, duwé
kuping, nanging budheg!
9 Bangsa-bangsa padha ladèkna ing
pengadilan. Apa ana ing antarané
déwa-déwané sing bisa ngramal apa

sing bakal kelakon? Apa ana sing ngerti
lelakon sing biyèn-biyèn? Déwa-déwa
kuwi karebèn nggawa seksi, sing
mbuktèkaké yèn ramalané mau cocog
lan tembungé nyata mengkono.
10 Hé umat Israèl, kowé kuwi seksi-Ku,
Dakpilih dadi abdi-Ku, mula kuduné
kowé kenal Aku lan precaya karo Aku,
sarta ngerti yèn mung Aku dhéwé
jumeneng Allah. Kejaba Aku ora ana
Allah liyané, ora tau ana lan ora bakal
ana.
11 Mung Aku dhéwé sing jumeneng
Allah, lan mung Aku dhéwé sing bisa
mitulungi kowé,
12 sing pirsa apa sing bakal kelakon, lan
rawuh paring pitulungan. Ora ana déwa
manca sing tau nindakaké mengkono,
kowé dhéwé sing nyipati.
13 Aku jumeneng Allah lan selawasé
bakal jumeneng Allah. Ora ana sing bisa
oncat saka pangwasa-Ku; ora ana sing
bisa ngowahi apa sing Daktindakaké."
14 Pangéran Allahé Israèl Kang Mahasuci
ngandika mengkéné, "Merga kowé Aku
bakal ngutus tentara menyang Babil,
supaya ngluwari kowé; gapuraning kutha

bakal Dakgempur, lan surak-suraké
wong kono bakal malih dadi tangisan.
15 Aku iki Pangéran, Allah Kang
Mahasuci. Hé Israèl, Aku iki Allahmu sing
nitahaké kowé."
16 Dhèk jaman kuna Gusti Allah yasa
dalan metu segara, dalan nembus
ulekané banyu.
17 Prejurit sing nganggo kréta perang
lan sing jaranan akèh, tur ampuh
banget, ditumpes, padha ambruk lan ora
tangi menèh, mati pet kaya urubing lilin
sing disebul.
18 Nanging pangandikané Allah
mengkéné, "Aja mikir prekara-prekara
sing wis kelakon utawa ngéling-éling
kaanan dhèk jaman kuna.
19 Nanging nggatèkna prekara-prekara
anyar sing saiki lagi Daktandangi. Aku
bakal yasa dalan nrabas ara-ara samun
lan ana ing kana gawé ilèn-ilèn banyu.
20 Kéwan-kéwan galak bakal ngluhuraké
Aku, asu ajag lan manuk unta bakal
memuji asma-Ku, awit Aku nganakaké
kali ana ing segara wedhi, supaya umat
pilihan-Ku padha olèh banyu.
21 Umat kuwi Daktitahaké kagem Aku
dhéwé, lan bakal ngluhuraké asma-Ku!"

22 Gusti Allah ngandika mengkéné,
"Nanging Israèl, kowé wis bosen karo
Aku; kowé ora ngabekti menèh karo
Aku.
23 Kowé ora saos kurban wedhus;
kowé ora ngurmati Aku srana kurban
sesaosan. Aku ora ngeboti enggonmu
ora saos kurban, iya ora merga kowé ora
ngobong dupa kanggo Aku,
24 iya ora merga kowé ora tuku
wangi-wangian utawa nyaosi Aku gajihé
raja-kayamu. Nanging sing ngebot-eboti
Aku kuwi dosamu; sing ngrubedi Aku
kuwi kaluputanmu.
25 Éwasemono Aku iki Allah sing ngapura
dosa-dosamu; merga saka kersa-Ku
piyambak Aku mbébasaké salahmu, lah
Aku bakal ora ngènget-ènget dosamu
menèh.
26 Lah ayo padha lapuran ana ing
pengadilan; kandhakna gugatanmu.
Prekaramu bélanen kanggo mbuktèkaké
yèn kowé nyata pihak sing bener.
27 Para leluhurmu sing kawitan dhéwé
wis gawé dosa; penggawé-penggawému
iya wis gawé dosa marang Aku.

28 Raja-rajamu wis gawé najisé
pasucèn-Ku. Mulané Israèl Daktumpes,
lan umat-Ku Dakdadèkaké dicecamah."

44 1 Gusti Allah ngandika, "Padha
ngrungokna, hé Israèl abdi-Ku,
umat pilihan-Ku, turuné Yakub.
2 Aku iki Allah kang nitahaké kowé;
wiwit kowé lair, Aku wis nulungi kowé.
Aja wedi, kowé kuwi abdi-Ku, umat
pilihan-Ku, sing Dakkasihi.
3 Aku bakal paring banyu marang tanah
sing asat lan yasa ilèn-ilèn kanggo
mbanyoni tanah sing garing. Roh-Ku
bakal Dakesokaké marang turunmu, lan
berkah-Ku marang anak-putumu.
4 Mula bakal padha subur kaya suket ing
lemah teles, kaya glagah ing sapinggiring
kali."
5 Wong bakal gentènan muni, "Aku
iki kagungané Allah!" Banjur padha
nganggo jeneng Israèl. Saben wong
bakal gawé tandha ing lengené sing
uniné: "Aku kagungané Allah, lan ngaku
yèn dadi umaté Allah."
6 Pangéran, sing ngerèh lan ngreksa
Israèl, Allah Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Aku iki Allah kang wiwitan
lan kang wekasan, mung Aku dhéwé

jumeneng Allah, kejaba Aku ora ana
Allah.
7 Apa ana liyané sing bisa nindakaké
apa sing Daktindakaké? Sapa sing
bisa nyritakaké apa sing bakal kelakon
wiwit-wiwitan tekan akiré jaman?
8 Aja wedi, hé umat-Ku! Kowé ngerti
wiwit jaman kuna mula tekan saiki yèn
Aku wis ngandhakaké apa sing bakal
kelakon, lan kowé padha dadi seksiné.
Apa ana allah liyané? Apa ana allah sing
iya kwasa, sing Aku durung ngerti?"
9 Sarupané reca kuwi ora ana ajiné, lan
sakèhé brahala sing disembah-sembah
kuwi tanpa guna. Sakèhé wong sing
nyembah brahala mau picak lan bodho,
sarta bakal padha kwirangan.
10 Rak ora bener yèn wong gawé barang
saka logam, banjur dianggep allah lan
disembah?
11 Saben wong sing nindakaké
mengkono bakal kwirangan. Sing gawé
reca kuwi rak mung manungsa. Coba
dipriksa ing pengadilan, mengko rak
gemeter lan kwirangan.
12 Sing gawé reca kuwi pandhé; carané
njupuk wesi, banjur diobong ing geni,
digemblèng nganggo palu, diwangun.

Sajroné nyambut-gawé pandhé mau
krasa luwé, ngelak lan kesel.
13 Reca iya ana sing digawé déning
tukang kayu, bahané kayu. Kayuné
diukur, banjur digambari nganggo kapur.
Sawisé mengkono banjur diukir nganggo
piranti, diwangun kaya manungsa sing
bagus, lan dipasang ing omahé.
14 Reca-reca mau salong ana sing
digawé saka kayu èrès, salong saka
kayu tirzah utawa kayu élon sing tuwuh
ing alas. Lan bisa uga digawé saka kayu
orèn, sing ditandur lan tuwuh merga
saka udan.
15 Kayu mau ana sing mung dienggo
kayu obong lan sapérangan digawé
reca. Dadi sapérangan ana sing dienggo
gegenèn lan manggang roti, pérangan
liyané diukir dadi reca lan disembah.
16 Pérangané liyané menèh dienggo
mbakar saté, sing nuli dipangan nganti
wareg. Tukang kayu mau sajroné
gegenèn muni mengkéné, "Wah, anget
temenan. Geniné apik!"
17 Kayu turahané digawé dadi reca.
Sing gawé banjur sujud ing ngarepé reca
mau karo nyembah. Sawisé kuwi banjur
ndedonga marang reca mau, "Paduka

menika allah kawula, kersaa mitulungi
kawula."
18 Wong sing mengkono kuwi rak saking
bodhoné ora ngerti apa sing ditindakaké.
Mripaté merem lan pikirané buntu,
nganti ora weruh ing kayektèn.
19 Tukang gawé reca mau ora
duwé gagasan utawa pangrasa, yèn
sapéranganè kayu sing digawé reca mau
ana sing diobong kanggo gegenèn, ana
sing dienggo manggang roti, ana sing
dienggo mbakar saté, sing dipangan, lan
turahané kayu dienggo gawé reca, sing
disembah. Kokora rumangsa yèn sing
disembah kuwi mung kayu setengkel.
20 Apa kuwi ora padha waé karo
dolanan awu? Wong mau wis disasaraké
déning pengangen-angené dhéwé, mula
nyawané ora dislametaké. Wong mau
ora gelem ngakoni yèn reca sing dicekel
kuwi babar-pisan dudu Allah.
21 Allah ngandika mengkéné, "Hé Israèl,
prekara iki gatèkna; élinga yèn kowé
kuwi abdi-Ku. Aku sing nitahaké kowé,
supaya kowé dadi abdi-Ku, lan kowé
bakal ora Daktégakaké.
22 Kaluputanmu wis Daklebur kaya
pedhut kabur ing angin, lan dosamu

wis ilang kaya mendhung keterak lésus.
Kowé muliha ing ngarsa-Ku, awit kowé
wis Daktebus."
23 Hé sakèhé langit, padha giyak-
giyaka. Hé teleng-telengé bumi, padha
surak-suraka. Hé gunung-gunung
lan wit-witan, sarta alas-alas, padha
bungah-bungaha! Gusti Allah wis
nélakaké kamulyané srana ngluwari
Israèl, umaté.
24 "Aku iki Pangéran, Juru Slametmu;
Aku iki sing nitahaké kowé. Aku
Pangéran, sing nitahaké samubarang
kabèh. Aku sing menthèng sakèhé
langit; nalika Aku nitahaké bumi, ora
ana sing ngréwangi.
25 Aku sing mbuyaraké ramalané
tukang-ramal, Aku sing nggagalaké
pétungané juru-nujum. Aku sing
mbuktèkaké yèn tembungé wong
wicaksana salah, lan nélakaké yèn
kawicaksanané kuwi abab.
26 Nanging ramalané abdi-Ku Daktetepi
lan pamecané utusan-Ku Dakjurungi.
Yérusalèm Dakdhawuhi, kowé bakal
dienggoni wong menèh lan kutha-
kuthané Yéhuda bakal dibangun menèh.

Kutha-kutha mau bakal njedhul saka jugrugan.

27 Srana tembung-Ku sakecap samodra dadi asat.

28 Korèsy Dakdhawuhi, ‘Kowé Dakdadèkaké raja, nglakonana apa sakersa-Ku. Ngerèha atas saka dhawuh-Ku! Préntahana supaya Yérusalèm kabangun menèh lan pondhasiné Pedalemané Allah dipasang!’"

45 1 Gusti Allah wis milih Korèsy dadi raja! Diangkat supaya nelukaké para bangsa; diutus nglèngsèr raja-raja saka dhamparé. Pangéran bakal mbikak gapura-gapurané negara kanggo Korèsy. Pangandikané Allah marang Korèsy,

2 "Aku sing bakal nyawisaké dalanmu, ngrata gunung-gunung lan punthuk-punthuk. Aku bakal ngremuk lawang-lawang prunggu lan tembaga, sarta mutung ruji-rujiné wesi.

3 Kowé bakal Dakparingi raja-brana sing diumpetaké ana ing panggonan sing peteng lan singid. Nganti kowé bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran, Allahé Israèl sing nimbali kowé nganggo nyebut jenengmu.

4 Kowé Daktimbali supaya mbiyantu
abdi-Ku Israèl, umat pilihan-Ku. Kowé
Dakparingi kaurmatan gedhé, senajan
kowé ora tepung karo Aku.
5 Aku iki Allah, mung piyambakan.
Kowé bakal Dakparingi pangwasa sing
kokbutuhaké, senajan kowé ora wanuh
karo Aku.
6 Penggawéku sing mengkono mau
supaya wong kabèh saka Wétan tekan
Kulon padha ngerti, yèn ora ana Allah
kejaba Aku.
7 Aku iki Allah, mung piyambakan, Aku
sing nitahaké pepadhang lan nitahaké
pepeteng. Aku sing gawé katentreman
sarta maringi paukuman. Aku Allah sing
nitahaké kuwi mau kabèh.
8 Aku bakal nekakaké kemenangan saka
langit kaya udan; bumi bakal nampani
lan nuwuhaké kamardikan lan keadilan.
Aku, Pangéran, sing ndadèkaké lelakon
kuwi mau kabèh."
9 Apa grabah kena madoni kundhi
sing gawé; grabah rak mung wingka,
kaya bala pecah liya-liyané? Apa lemah
lempung kena takon karo sing gawé bab
pegawéan sing ditandangi? Apa grabah
nggrundel yèn sing gawé ora trampil?

10 Apa ana wong sing wani muni karo
wong tuwané, "Kénging menapa kula
kadamel kados mekaten?"
11 Pangéran, Kang Mahasuci, Allahé
Israèl sing yasa jaman sing bakal kelakon
ngandika, "Kowé ora wenang takon bab
putra-putra-Ku, utawa ngandhani Aku
apa sing kudu Daklakoni!
12 Aku sing nitahaké bumi, lan nitahaké
manungsa sing manggon ing kono.
Srana pangwasa-Ku langit Dakpenthèng,
srengéngé, rembulan lan lintang-lintang
Dakprenata.
13 Aku sing ngosikaké atiné Korèsy,
mula tumindak lan nglakoni kersa-Ku,
mrenata apa sing ora bener. Aku bakal
ngrata dalan sing arep diambah, Korèsy
bakal mbangun kutha-Ku, Yérusalèm,
lan ngluwari umat-Ku sing dikunjara. Ora
ana wong sing ngopahi utawa mbeseli
supaya nindakaké kuwi mau kabèh."
Allah Kang Mahakwasa sing ngandika.
14 Pangandikané Allah marang Israèl,
"Bandhané Mesir lan Sudan bakal dadi
duwèkmu, wong Séba sing pawakané
gedhé-dhuwur bakal dadi baturmu;
bakal dadi bebandan sing mlaku ing
mburimu, bakal sujud ing ngarepmu

karo muni, ‘Allah nunggil kaliyan
panjenengan, kejawi Allah menika
mboten wonten sanèsipun.
15 Allahé Israèl sing ngluwari umaté,
yakuwi Allah sing digawé wadi.
16 Sakèhé wong sing gawé recaning
brahala bakal kisinan, wong mau kabèh
bakal dadi nistha.
17 Nanging Israèl bakal kaluwaran
déning Pangéran, lan kemenanganè
bakal langgeng; umat kuwi bakal ora
kwirangan.’"
18 Pangéran sing nitahaké sakèhé
langit, Panjenenganè piyambak sing
jumeneng Allah, sing yasa lan nitahaké
bumi didamel kuwat lan langgeng. ora
dadi panggonan sing suwung, nanging
dienggoni manungsa. Panjenenganè sing
ngandika, "Aku iki Allah, ora ana Allah
liyané.
19 Aku ora tau ngandika nganggo aling-
aling utawa nutup-nutupi kersa-Ku.
Israèl ora tau Dakdhawuhi nggolèki Aku
ana ing panggonan sing sepi. Aku iki
Pangéran, lan ngandikanè blak-blakan.
Aku nedahaké prekara sing bener."
20 Pangandikanè Pangéran mengkéné,
"Hé sakèhé umat Israèl, sing padha

oncat saka Babil, padha nglumpuka
lan sowana mréné. Padha ngladèkna
prekaramu ing pengadilan-Ku! Hé
wong-wong sing padha ngendelaké
reca-recané saka kayu, lan padha
ndedonga marang allah sing ora bisa
mitulungi, wong-wong sing padha ora
ngerti apa-apa!
21 Padha majua lan ngladèkna
prekaramu ing pengadilan; wong
sing padha didakwa karebèn padha
rembugan bebarengan. Sapa sing dhèk
biyèn memeca bab sing bakal kelakon?
Apa dudu Aku, Pangéran, Allah sing
nylametaké manungsa? Ora ana allah
liya, kejaba Aku."
22 Padha balia, sowana Aku supaya
padha slamet, hé sakèhé umat sing ana
ing bumi! Ora ana allah kejaba Aku.
23 Janji-Ku iki temenan, lan ora bakal
dibatalaké. Aku sumpah demi asma-Ku
piyambak, lan Aku wis ngandika sing
satemené, pangandika sing ora bakal
dibatalaké. Saben wong bakal marek
sujud jèngkèng ing ngarsa-Ku lan janji
setya marang Aku.
24 Wong-wong mau bakal kandha yèn
kaluhuran lan kekuwatan kuwi asalé

saka Aku; lan sapa sing sengit karo Aku
bakal kwirangan.
25 Aku, Pangéran, bakal ngluwari
sakèhé turuné Yakub, lan wong-wong
mau ngabekti marang Aku.
46 1 Para déwané Babil wis tamat
riwayaté! Bèl lan Nébo biyèn
disembah-sembah, nanging saiki digawa
kuldi, dadi momotané kéwan sing sayah.
2 Déwa-déwa kuwi ora bisa nylametaké
awaké dhéwé; padha ditawan lan
diboyong saka panggonané. Saiki
riwayaté déwa-déwa ing Babil wis tamat.
3 "Hé turuné Yakub, lan umat-Ku liyané
sing isih kari, padha ngrungokna marang
Aku. Enggon-Ku ngrumati kowé kuwi
wiwit kowé lair.
4 Kowé Dakgéndhong wiwit isih bayi,
mangka tekan umurmu wis tuwa lan
kowé wis uwanen, Aku ora owah-gingsir.
Aku sing nitahaké lan ngopèni kowé; iya
Aku sing bakal ngluwari lan mitulungi
kowé.
5 ‘Aku arep kokpadhakaké karo sapa?’
mengkono pangandikané Allah, ‘Apa ana
wong liya sing kaya Aku?’
6 Wong padha mbukak kanthongé
dhuwit lan ngetokaké emas; banjur

nimbang slaka nganggo timbangan.
Banjur ngopahi tukang emas dikon gawé
recaning déwané. Nuli padha nyembah
sujud jèngkèng marang reca mau!
7 Recané diangkat ing pundhaké,
digawa lunga; didegaké ing papan sing
wis dicawisaké, mula bisa ngadeg,
nanging ora bisa lunga saka kono. Yèn
ana wong sembahyang ing ngarepé,
reca mau ora bisa mangsuli, lan ora bisa
awèh pitulungan samasa ana reribed.
8 Hé wong dosa, padha titènana, apa
sing Daktindakaké.
9 Padha ngélingana lelakon sing
kepungkur; padha ngakonana yèn Aku
dhéwé sing jumeneng Allah lan ora ana
sing madhani.
10 Wiwit-wiwitan mula Aku awèh weruh
kepriyé bakal wekasané; wiwit jaman
kuna Aku wis medharaké apa sing bakal
kelakon. Aku ngandika yèn apa sing
Dakkersakaké bakal kelakon lan Aku
nindakaké manut kersa-Ku.
11 Aku nimbali wong saka Wétan;
timbalan-Ku bakal nyamber kaya manuk
garudha lan Aku bakal nindakaké
rancangan-Ku. Aku wis ngandika, lan

kuwi mesthi kelakon. Aku wis ngrancang
mengkono lan iku bakal Dakwujudaké.
12 Hé umat sing wangkal atiné, padha
ngrungokna pangandika-Ku. Kowé padha
ngira yèn kemenangan tekané isih suwé.
13 Nanging ora suwé menèh Aku
bakal nekakaké dina kemenangan mau:
dinané wis saya cedhak. Kemenangan-Ku
bakal énggal teka. Yérusalèm bakal
Dakslametaké, lan ana ing kana Aku
bakal ngganjar kaluhuran marang
Israèl."

47 1 Pangéran ngandika mengkéné,
"Babil, medhuna saka
palungguhanmu, lan ndhéproka
ana ing lemah. Biyèn kowé kaya prawan,
nanging saiki kowé wis ora nengsemaké
menèh! Saiki kowé dadi batur-tukon!
2 Nyandhaka penggilingan lan nggilinga
glepung! Krudhungmu copoten!
Sandhanganmu sing apik uculana!
Cincinga lan nyabranga ing kali!
3 Karebèn wong-wong weruh
wewadimu; lan weruh enggonmu
diasoraké lan kwirangan. Aku mesthi
bakal males lan ora ana wong sing bisa
ngalang-alangi Aku."

4 Pangéran, Allahé Israèl wis ngluwari
kita, asmané kasebut Allah Kang
Mahasuci.
5 Pangandikané Pangéran marang
Babil, "Lungguha sing anteng ana ing
petengan. Kowé wis ora bakal disebut:
'Ratuning bangsa-bangsa!'
6 Nalika Aku duka, umat-Ku ora
Daklayani kaya kagungan-Ku; nanging
Dakdadèkaké tawananmu. Caramu ora
nganggo welas-asih, malah wong sing
tuwa koktangani kanthi kasar.
7 Saka pangiramu kowé arep dadi
ratu terus, lan ora tau kokgagas utawa
koknyana yèn kuwi kabèh bakal ana
wekasané.
8 Saiki rungokna, hé wong sing
nengenaké kesenengan, sing rumangsa
wis aman lan tentrem. Kowé duwé
penganggep yèn kaluhuranmu padha
kaya Allah, lan ora ana wong liya sing
kaya kowé. Kowé duwé pangira yèn
ora bakal dadi randha, lan ora bakal
ngrasakaké kélangan anak-anakmu.
9 Nanging sajroning sedina kowé
bakal ngalami karo-karoné, kélangan
bojo lan kélangan anak, senajan kowé
migunakaké kasektènmu sihir sakatogé.

10 Sajroné nglakoni piala, kowé precaya
marang awakmu dhéwé; kowé ngira
ora ana wong sing weruh kowé. Kowé
wis disasaraké déning kawicaksanan lan
kapinteranmu dhéwé. Pangunandikamu,
‘Aku iki Allah, ora ana sing madhani aku.’
11 Kowé bakal ketekan kasangsaran,
lan ilmu sihirmu bakal ora bisa ngalang-
alangi. Kowé bakal ketekan karusakan,
sing ora tau koknyana-nyana!
12 Kowé ngantepana japa-mantramu lan
tenung-tenungmu, sing wis koklakoni
wiwit cilik mula. Sokur yèn mengko ana
gawéné kanggo kowé; sapa ngerti bisa
kokenggo medèn-medèni mungsuhmu.
13 Senajan olèh pamrayoga akèh,
éwasemono kaananmu tetep apes. Juru
nujummu konen mbiyantu kowé, kuwi
lo wong-wong sing padha ngerti dayané
lintang-lintang; sing padha nggambar
pérangan-péranganing langit ana ing
péta, sarta ngramal apa sing bakal
kokalami saben sasiné.
14 Wong Babil kuwi kaya damèn
satekem, sing bakal ludhes kobong ing
geni! Ora bisa oncat saka panasé, sebab
urubé gedhé banget, ora kaya geni sing
dienggo bedhiyang.

15 Kuwi sing kena diramalaké tumraping
awakmu déning para nujum, sing
kokjaluki rembug sajegé uripmu. Wong
kuwi lunga manut karepé dhéwé, lan
kowé bakal ditinggal, ora ana wong sing
kari mitulungi kowé."
48 1 "Rungokna, hé Isra‛el, turuné
Yéhuda. Kowé padha sumpah
demi asmané Pangéran lan ngaku
ngabekti marang Allahé Isra‛el, nanging
kandhamu kuwi ora nyata.
2 Éwasemono kowé bisa umuk y‛en
kowé kuwi wargané kutha suci, lan
uripmu suméndhé marang Allahé
Isra‛el, sing asmané kasebut Allah Kang
Mahasuci."
3 Gusti Allah ngandika marang Isra‛el
mengkéné, "Dh‛ek jaman kuna Aku wis
medharaké apa sing bakal kelakon; lan
kuwi Daktindakaké kalawan dadakan.
4 Aku pirsa y‛en atimu wangkal, atos
kaya watu.
5 Dadi wiwit biy‛en Aku wis aw‛eh
weruh apa sing bakal kelakon ing
tembé mburiné, kanggo nyegah
penganggep, y‛en kuwi kab‛eh sing
njalari brahala-brahala lan recamu
ukir-ukiran.

6 Apa sing biy�even Dakngandikakaké
saiki wis kelakon; kowé kudu ngakoni
y‘en pameca-Ku mau bener. Saiki kowé
arep Daktedahi prekara-prekara sing
bakal kelakon, kedadéan-kedadéan sing
durung tau Dakngandikakaké.
7 Prekara-prekara mau lagi kelakon
saiki, dh‘ek biy‘en durung tau ana.
Saupama wis tau klakon, kowé mesthi
bakal muni y‘en bab kuwi kowé wis
ngerti.
8 Aku pirsa y‘en kowé ora kena
diprecaya lan selawasé nglawan. Kuwi
sebabé kowé ora tau krungu bab iki,
lan ora ana wong sing tau crita marang
kowé.
9 Supaya asma-Ku diluhuraké déning
para umat, Aku nyandhet duka-Ku;
supaya kowé aja nganti Daktumpes.
10 Kowé Dakuji srana genining
kasangsaran, kaya slaka sing diluluh ing
geni, lan ketitik y‘en kowé kuwi ora ana
ajiné.
11 Pendamel-Ku mau krana asma-Ku
piyambak. Aku ora marengaké asma-Ku
dinajisaké, lan kaurmatan-Ku ora
Dakparingaké marang sapa waé."

12 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Padha ngrungokna h�much'e Isra‛el, umat sing
Daktimbali! Aku iki Allah, sing wiwitan
lan sing pungkasan, mung piyambakan!
13 Dhasaring bumi kuwi yasaning asta-
Ku, semono uga Aku sing menth‛eng
langit ana ing sandhuwuré. Samasa
bumi lan langit Daktimbali, sanalika
banjur padha sowan ana ing ngarsa-Ku.
14 Kowé padha nglumpuka kab‛eh, lan
padha ngrungokna! Ing antarané para
déwa ora ana sing bisa ngramalaké y‛en
wong sing Dakpilih kuwi bakal nyerang
Babil; wong mau bakal nglakoni apa sing
dadi kersa-Ku.
15 Aku sing ndhawuhi lan sing
nimbali; Aku sing nekakaké lan paring
kemenangan marang wong mau.
16 Padha nyedhaka Aku lan rungokna
pangandika-Ku. Wiwit-wiwitan mula Aku
ngandika blak-blakan, lan tembung-Ku
selawasé nyata." Mangka saiki aku
diutus déning Pangéran Allah lan Rohé,
ya Allah sing nebus kowé.
17 Pangéran Allahé Isra‛el Kang
Mahasuci, sing ngluwari kowé ngandika
mengkéné, "Aku iki Pangéran Allahmu,
sing mulang marang kowé supaya kowé

dadia becik, lan nuntuna lakumu ing
dalan sing kudu kokambah.
18 Kowé padha ngéstokaké dhawuh-Ku,
kowé bakal tansah binerkahan, kaya
ilining kali sing ora tau asat! Kowé bakal
tansah kaparingan kemenangan, kaya
ombaké segara ol�much ehé ora l‘er‘en-l‘er‘en
ngerobi gisik.
19 Turunmu bakal ak‘eh banget, kaya
wedhiné segara lan Aku nemtokaké y‘en
turunmu ora bakal cures."
20 Padha metua saka Babil, kowé
wis merdika! Padha wartakna kanthi
bungah, critakna ing saenggon-enggon,
"Pangéran wis ngluwari Isra‘el, abdiné!"
21 Umaté dituntun metu panggonan
sing panas lan ara-ara samun sing
cengkar, éwasemono ora padha kasatan.
Panjenengané paring banyu saka
karang; karangé digawé bengkah lan
banyuné mili saka kono.
22 "Wong dosa padha ora tau nemu
katentreman," mengkono pangandikané
Allah.

49

1 Hé sakèhé bangsa-bangsa sing
adoh! Padha rungokna dhawuh-
Ku. Allah nimbali aku dadi abdiné wiwit
aku isih ana ing guwa-garbané ibuku.

2 Tembungku didamel landhep kaya
pedhang, astané Allah piyambak
ngayomi aku. Aku didamel kaya panah
sing ampuh lan tansah cemawis.
3 Pangandikané marang aku, "Israèl,
kowé kuwi abdi-Ku; merga saka kowé
asma-Ku bakal kaluhuraké déning wong
akèh."
4 Aku munjuk mengkéné, "Kawula
nyambut-damel, nanging mboten
wonten asilipun; kawula ngetog karosan,
nanging tanpa damel." Éwasemono aku
njagakaké Pangéran sing bakal mbélani
prekaraku; Panjenengané bakal paring
asiling kangèlanku.
5 Aku ditimbali déning Pangéran dadi
abdiné, sadurungé aku lair, didhawuhi
ngulihaké lan nglumpukaké Israèl,
umaté sing sumebar. Aku kajèn ana ing
ngarsané Allah, lan Panjenengané dadi
etuking karosanku.
6 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné, "Kowé bakal Dakparingi
kuwajiban sing luwih luhur. Ora mung
mbangun bangsa Israèl sing isih
urip waé, nanging kowé iya bakal
Dakdadèkaké oboré bangsa-bangsa,

supaya salumahé bumi bakal nampa
karahayon."
7 Panebusé Israèl, Allah Kang
Mahasuci ngandika marang abdiné
sing disepèlèkaké banget lan digethingi
déning para bangsa, dianggep wong
pidak-pedarakan.[o] "Raja-raja sing
nyawang penggawému, banjur bakal
padha ngadeg ngurmati; para penggedhé
bakal padha sujud ngurmati kowé."
Kelakoné kuwi kabèh ora liya merga
Allah piyambak sing milih abdiné; Allahé
Israèl Kang Mahasuci netepi prasetyané.
8 Pangandikané Allah marang umaté
mengkéné, "Yèn wis tekan dinané
enggon-Ku ngluwari kowé, Aku bakal
ngetingalaké sih-kadarman-Ku marang
kowé lan njurungi pesambatmu. Kowé
bakal Dakreksa lan Dakayomi, lan
lantaran kowé Aku bakal gawé prejanjian
karo umat kabèh. Aku bakal ngulihaké
kowé menyang tanahmu, sing saiki bera
ora digarap."
9 Para wong tawanan bakal
Dakngandikani, "Padha metua!"
Lan wong-wong sing ana ing petengan,
"Padha metua menyang padhangan!"

---

[o]pidak-pedarakan: asor.

Senajan ing gunung sing gundhul, padha
ora kekurangan, merga ing salakuné
tansah disedhiyani pangan.
10 Bakal padha ora keluwèn lan kasatan
ing selawasé. Panasing srengéngé lan
segara wedhi bakal ora gawé cilakané.
Merga bakal padha direksa déning
Panjenenganė sing welas asih, sing bakal
nuntun marani etuké banyu.
11 "Aku bakal yasa dalan gedhé nrabas
gunung-gunung lan ngrata dalan-dalan
sing bakal diambah déning umat-Ku.
12 Umat-Ku bakal teka saka panggonan
sing adoh-adoh, saka Lor lan saka Kulon,
sarta saka Aswan ing Kidul."
13 Hé langit lan bumi, padha surak-
suraka! Gunung-gunung padha
bungah-bungah lan memujia! Pangéran
bakal nglipur umaté, Panjenenganė
bakal maringi piwelas marang umaté
sing nandhang kasangsaran.
14 Nanging umat sing manggon ing
Yérusalèm padha kandha mengkéné,
"Aku wis padha ditilar déning Allah! Allah
wis kesupèn karo kita."
15 Mulané Pangéran nuli paring
wangsulan, "Apa ibu bisa lali karo bayiné
lan ora nresnani anak sing dilairaké?

Senajan ibu téga karo anaké, nanging
Aku ora bakal téga karo kowé.
16 Yérusalèm, Aku bakal ora lali karo
kowé! Jenengmu Daktulis ana ing
èpèk-èpèking tangan-Ku.
17 Wong sing arep mbangun kowé bakal
énggal padha teka, lan sing arep ngrusak
kowé, bakal padha lunga.
18 Delengen kedadéan-kedadéan sing
ana ing kiwa-tengenmu! Wong-wongmu
wis padha nglumpuk, arep padha
mulih! Demi Aku, Allah kang gesang,
temenan atimu bakal mongkog nyawang
wong-wongmu. Kaya pengantèn wadon
sing mongkog atiné nyawang rerenggané
emas lan inten.
19 Tanahmu sing biyèn rupa gempuran
lan sepi nyenyet, saiki bakal ora nyukupi
kanggo manggon wong-wong sing padha
teka ing kono. Wong-wong sing biyèn
ngrusak tanahmu bakal kabuwang saka
kono.
20 Wong-wong sing lair ing
pambuwangan bakal padha kandha karo
kowé mengkéné, ‘Panggonan iki sesak
temen, kita butuh panggonan sing luwih
ombèr!’

21 Kowé mbatin mengkéné, ‘Sapa sing
anaké semono akèhé kanggo aku?
Mangka anakku wis padha mati, lan aku
wis ora bisa duwé anak menèh. Aku
dadi wong bandhangan lan nglambrang
mrana-mréné, sapa ta sing nggedhèkaké
bocah-bocah kuwi? Aku rak wis ijèn,
saka endi tekané bocah-bocah mau?’"
22 Pangandikané Allah Kang Mahakwasa
mengkéné, "Aku bakal paring pretandha
marang para bangsa, lan bakal padha
ngeteraké mulih anakmu. Anak-
anakmu lanang bakal digéndhong, lan
anak-anakmu wadon padha dipanggul.
23 Para raja bakal ngrengkuh kowé kaya
putrané, para pramèswari bakal padha
nggéndhong anakmu, bakal padha sujud
sungkem ing ngarepmu, lan kanthi
andhap-asor padha ngurmati kowé. Mula
kowé bakal padha ngerti yèn Aku iki
Pangéran; semono uga sakèhé wong
sing njagakaké pitulungan-Ku bakal ora
kwirangan."
24 Wong apa bisa ngrebut barang sing
dirayah tentara? Sapa sing bisa ngluwari
tawanané wong sing kwasa?
25 Éwasemono Pangéran ngandika,
"Mangka iya kaya mengkono kang bakal

kelakon. Rayahané mungsuh bakal
karebut menèh lan tawananè wong
kwasa bakal diluwari. Aku bakal nglawan
wong sing nglawan kowé, lan bakal
ngluwari anak-anakmu.
26 Wong-wong sing nganiaya kowé
bakal patèn-patènan dhéwé, lan saka
nepsuné bakal padha ngamuk gawé
pepati. Saben bangsa banjur bakal
weruh yèn Aku iki Allah, sing mitulungi
lan sing ngluwari kowé. Bakal padha
ngerti yèn Aku iki Allahé Israèl Kang
Mahakwasa."
50 1 Pangéran ngandika mengkéné,
"Apa kokkira Aku nundhung kowé
kaya carané wong lanang nundhung
bojoné? Yèn ta mengkono, endi layangé
pegat? Apa kokkira kowé Dakedol ana ing
pembuwangan, kaya wong sing ngedol
anaké dadi batur-tukon? Ora, enggonmu
kabuwang kuwi merga saka dosa-
dosamu; kowé katundhung merga saka
enggonmu nerak dhawuh-dhawuh-Ku.
2 Yagéné umat-Ku ora mreduli nalika
arep Dakluwari? Yagéné ora mangsuli
nalika Daktimbali? Apa Aku dianggep ora
kwasa mitulungi? Aku bisa ngasataké
segara lan kali-kali bisa Dakwalik dadi

segara wedhi srana dhawuh-Ku, nganti
iwak-iwak sing ana ing kono padha mati
kasatan banyu.
3 Langit bisa Daksandhangi ireng, kaya
wong sing lagi kepatèn."
4 Pangéran Kang Mahakwasa wis
ndhawuhaké marang Aku prekara sing
kudu Dakwartakaké, supaya Aku bisa
nguwataké atiné wong sing lesu. Saben
ésuk Aku didhawuhi ngrungokaké karo
bungah apa sing bakal diwedharaké
marang Aku.
5 Aku diparingi pangertèn; lan
Panjenenganè ora Daktampik utawa
Daksingkur.
6 Geger-Ku Dakulungaké marang wong
sing nggebugi Aku, lan wong sing ngina
Aku ora Dakkon meneng. Jénggot-Ku
Dakulungaké wong sing njabuti lan
rai-Ku Dakulungaké wong sing ngidoni.
7 Pamoyoké wong-wong mau ora gawé
laraning ati-Ku, merga Aku dikuwataké
déning Allah. Ati-Ku tatag, mula kuwat
nadhahi sapenggawéné wong-wong
mau. Aku ngerti yèn Aku bakal ora
kwirangan.
8 Awit Allah celak karo Aku, lan
Panjenenganè bakal mbuktèkaké yèn

Aku ora salah. Sapa sing wani nggugat
marang Aku? Ayo padha lapuran ana
ing pengadilan! Karebèn wong kuwi
ngajokaké pandakwané!
9 Allah Kang Mahakwasa piyambak
sing mbélani Aku, mula sapa sing bakal
mbuktèkaké panerak-Ku? Wong sing
padha nggugat Aku bakal sirna kabèh;
bakal padha musna kaya sandhangan
sing dipangan renget.
10 Sapa kancamu sing ngabekti marang
Allah lan mbangun-turut marang
pangandikané Abdiné, samasa ngambah
dalan sing peteng dhedhet pisan,
precayaa marang Allah lan suméndhéa
marang Panjenengané.
11 Sapa sedulurmu sing ngrancang
gawé piala marang liyan bakal katumpes
déning rancanganè dhéwé. Allah
piyambak sing bakal ndadèkaké kuwi
mau kelakon, mula bakal nandhang
sangsara.

51 1 Pangéran ngandika mengkéné,
"Padha ngrungokna Aku, hé
sakèhé wong sing kepéngin slamet,
sing padha marek marang Aku nyuwun
pitulungan. Padha nyawanga gunung

karang asalmu katatah, lan luwangan
asalmu kadhudhuk.
2 Nyawanga marang Abraham
leluhurmu, lan marang Sarah sing
nurunaké kowé. Abraham kuwi
Daktimbali nalika durung duwé anak, lan
nuli Dakberkahi, Dakparingi anak-turun
akèh.
3 Aku bakal paring kawelasan marang
Yérusalèm, marang sakèhé wong sing
manggon ana ing kana. Senajan tanahé
kuwi kaya ara-ara samun, nanging
bakal Dakdadèkaké petamanan, kaya
petamanan ing Èden. Ing kana bakal ana
kabungahan apa déné kidung lan puji
sokur konjuk marang Aku.
4 Hé umat-Ku, rungokna pangandika-
Ku, Aku bakal paring piwulang marang
para bangsa, dhawuh-Ku bakal dadi
pepadhangé.
5 Aku bakal énggal rawuh lan ngentas
wong-wong mau, sedhéla engkas Aku
bakal ngetingalaké kaluhuran-Ku. Aku
dhéwé bakal ngerèh para bangsa.
Bangsa-bangsa adoh wis ngentèni
rawuh-Ku padha nganti-anti Aku supaya
padha Dakslametaké.

6 Tumengaa marang langit; lan
nyawanga bumi! Sakèhé langit bakal
musna kaya kukus; bumi bakal luwas
kaya jarit, lan wong isiné bumi bakal
padha mati kaya lemut. Nanging
pangluwaran peparing-Ku bakal
langgeng selawasé, kemenangan-Ku ora
bakal batal.
7 Rungokna dhawuh-Ku, hé wong sing
kulina nglakoni bebeneran, rungokna
swara-Ku, sing atiné nampa dhawuh-Ku.
Aja wedi menawa dicacad ing wong, lan
aja kagèt menawa diala-ala.
8 Kabèh kuwi bakal sirna kaya
sandhangan sing dipangan renget!
Nanging karahayon peparing-Ku tanpa
wekasan, lan pangluwaranku lestari,
turun-temurun.
9 Dhuh Allah, mugi kersa jumeneng
lan mitulungi kawula! Kersaa ngagem
pangwasa Paduka lan paring pitulungan.
Kados rumiyin, ing jamanipun para
leluhur. Menapa sanès Paduka ingkang
nugel-nugel Rahab, naga seganten
menika?
10 Menapa sanès Paduka ingkang
ngasataken seganten, ngantos dados

mergi ingkang kénging kaambah, déning
para tiyang ingkang Paduka pitulungi?
11 Tiyang ingkang Paduka wilujengaken
menika badhé dumugi ing Yérusalèm
kanthi bingah, kalayan memuji lan
surak-surak. Polatanipun bingar karana
nampi kabingahan langgeng, badhé
luwar selaminipun saking kasisahan lan
kaprihatosan."
12 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Aku sing paring kekuwatan marang
kowé. Yagéné kokwedi karo manungsa
sing bakal mati? Manungsa rak presasat
suket garing?
13 Apa kowé lali karo Pangéran sing
nitahaké kowé, sing menthèng langit lan
masang pondhasiné bumi? Yagéné kowé
sedina muput gemeter wedi karo wong
sing ngigit-igit arep nganiaya lan arep
numpes kowé? Pangancamé bakal ora
nggepok awakmu.
14 Sakèhé wong sing dikunjara bakal
énggal diluwari, bakal padha kaparingan
umur dawa, lan dicukupi kabutuhan
pangané.
15 Aku iki Pangéran Allahmu; sing
nguber segara nganti ombaké gemuruh.
Asma-Ku Allah Kang Mahakwasa!

16 Aku sing menthèng langit lan masang
pondhasiné bumi; Aku ngandika marang
Yérusalèm, ‘Kowé kuwi umat-Ku! Kowé
Dakparingi piwulang-Ku lan Dakayomi
nganggo asta-Ku.’"
17 Hé Yérusalèm, tangia! Gumrégaha
lan ngadega! Kowé wis ngombé
tuwung paukumané Allah; wis kokombé
nganti entèk, lan kuwi njalari lakumu
sempoyongan.
18 Mangka ora ana wong sing nuntun
kowé, ora ana ing antaramu sing
nyandhak tanganmu lan nggandhèng
kowé.
19 Kowé wis nampani kasusahan
tumpuk-undhung; tanahmu rusak merga
déning perang, lan wong-wong padha
mati kaliren, mangka ora ana sing
nglipur kowé.
20 Ing saben pojoké lurung wong-
wongmu padha klenger merga awaké
wis lemes banget; kaya kidang sing
klebu ing jaringé wong mbebedhag,
mengkono enggoné padha ngrasakaké
panasing paukumané Pangéran.
21 Hé wong Yérusalèm sing nandhang
kesrakat, kowé sing padha mlaku
sempoyongan kaya wong mendem.

22 Pangéran Allahmu ngayomi kowé
lan ngandika, "Tuwung kasangsaran
kuwi saiki Daksingkiraké, tuwung sing
Dakparingaké marang kowé merga saka
duka-Ku. Tuwung kuwi wis ora susah
kokombé, tuwung kuwi isi anggur sing
marakaké kowé mendem.
23 Tuwung mau bakal Dakparingaké
wong sing nganiaya marang kowé,
merga njalari kowé padha glimpangan
ana ing dalan-dalan, lan diidak-idak kaya
larahan."
52 1 Yérusalèm tangia, tangia!
Dadia kuwat lan sentosa menèh,
kaya nganggo sandhanganmu sing
bregas. Wong kapir bakal ora mlebu ing
gapuramu menèh.
2 Hé Yérusalèm, madega dadi negara
merdika! Kebutna lebumu lan lungguha
ing palenggahanmu! Uculna blenggguné
tanganmu, hé wong sing padha dikunjara
ana ing Sion.
3 Pangandikané Allah marang umaté
mengkéné, "Nalika kowé dadi batur-
tukon, kowé ora diedol; semono uga
bareng saiki kowé merdika, kowé ora
dituku.

4 Nalika kowé lunga menyang tanah
Mesir lan dadi wong neneka, kuwi metu
saka karepmu dhéwé; kowé banjur
ditawan lan digawa lunga déning wong
Asyur; wong mau ora mbayar apa-apa
kanggo nuku kowé.
5 Mengkono sing saiki kelakon ing Babil.
Kowé ditawan, ora dituku déning Babil.
Sing ngerèh kowé padha umuk lan
ngala-ala marang Aku.
6 Bakal tekan wektuné kowé padha
ngerti yèn Aku iki Allah lan medharaké
prekara iki marang kowé."
7 Iba olèhé nyenengaké tekané wong
sing nggawa pawarta katentreman sing
mbungahaké. Tekané wong mau nasak
gunung-gunung. Kandhané, "Allahmu
jumeneng raja!"
8 Wong sing padha jaga ing kutha
banjur padha surak-surak saka bungahé!
Padha ndeleng saka cedhakan yèn Allah
kondur menyang Sion!
9 Hé Yérusalèm, kutha sing wis dadi
gempuran. Giyak-giyaka merga saka
bungah! Sebab Pangéran bakal mitulungi
kowé lan nglipur marang umaté.
10 Allah bakal ngagem pangwasané
kang suci; kanggo nylametaké umaté,

lan para bangsa bakal padha weruh
kabèh.
11 Metua saka Babil, hé sakèhé wong
sing padha mikul praboté Pedalemané
Allah! Aja ndemèk barang sing najis;
jaganen kasucènmu lan mangkata!
12 Saiki kowé ora prelu kesusu budhal;
lan kowé ora prelu ngarah supaya
bisa uwal saka mungsuhmu. Pangéran
Allahmu bakal ngirid lakumu lan
ngampingi kowé ing ngarep lan ing
mburimu.
13 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Abdi-Ku bakal ngrampungaké
kuwajibané kanthi sampurna; mulané
bakal nampa kaurmatan gedhé!
14 Wong sing nyawang padha kagèt
banget; saking rusaking rupané nganti
ora mèmper manungsa.
15 Nanging saiki bangsa-bangsa bakal
padha gumun, lan raja-raja bakal padha
dheleg-dheleg kamitenggengen nyawang
marang Panjenengané. Bakal padha
ngerti lan ngerti prekara sing durung tau
disipati."

53 1 Wangsulané umaté Allah, "Sapa
sing ngandel karo kabar sing kita

rungu, lan sapa sing ngerti yèn kuwi
kabèh pakaryané Allah?
2 Wis dadi kersané Allah yèn Abdiné
thukul kaya solor sing tuwuh ana ing
lemah garing. Ora kagungan drajat
utawa pangkat sing pinunjul, utawa rupa
sing nengsemaké ati kita. Pasemoné
sethithik waé ora ana sing marakaké kita
kesengsem marang Panjenengané.
3 Panjenengané kita singkang-singkang
lan kita tampik; enggoné dipilara
ora lèrèn-lèrèn lan kasangsarané ora
entèk-entèk. Ora ana wong sing tegel
ndelengaké, mula kita sepèlèkaké lan
ora kita ajèni.
4 Mangka sejatiné kasangsaran sing
disandhang mau kasangsaran kita, lan
pilara sing dirasakaké kuwi kanggo kita,
nanging kita ngarani Panjenengané kena
walaté Gusti Allah.
5 Satemené enggoné ditatoni kuwi
merga saka dosa kita, lan merga saka
piala kita Panjenengané digebagi.
Paukuman sing disandhang ing sariranė
kuwi sing nekakaké keslametan kita, lan
bilur-biluré kuwi sing marasaké kita.
6 Kita kabèh iki kaya wedhus sing
ketriwal, saben wong lakuné nuruti

karepé dhéwé. Nanging paukuman sing
sejatiné kanggo kita kuwi ditempahaké
déning Allah marang Panjenengané.
7 Panjenengané dipilara, éwasemono
dibetahaké tanpa nglawan, tanpa
ngresula. Kaya wedhus sing arep
disembelèh, mengkono enggoné kèndel
ora ngandika sakecap-kecapa.
8 Panjenengané dicepeng, kaukum lan
disédani, mangka ora ana sing mreduli
marang nasibé. Panjenengané disédani
merga saka dosaning umaté.
9 Sédané pinesthi awor karo wong ala,
nanging layoné disarèkaké ing kuburané
wong sugih, merga ora tau nindakaké
piala, lan ora tau goroh."
10 Pangandikané Pangéran, "Enggoné
nandhang sangsara kuwi saka kersané
Allah; sédané kuwi minangka kurban
kanggo nebus dosa, supaya wong
dosa olèh pangapura. Srana mengkono
bakal ningali anak-turuné, merga
kaparingan panjang yuswa, lan merga
saka Panjenengané kersané Pangéran
kelampahan.
11 Sawusé nandhang sangsara,
Panjenengané bakal ngalami
kabungahan; Panjenengané bakal

pirsa yèn kasangsarané mau ora
tanpa guna. Abdi-Ku sing setya
kuwi Dakkasihi, Panjenengané bakal
nanggung paukumané wong akèh, lan
merga saka Panjenengané, Aku bakal
ngapura dosané wong-wong mau.
12 Mulané Panjenengané bakal
Dakparingi kaurmatan lan Dakpapanaké
ing antarané para wong luhur, sing
nyekel pangwasa, awit wis masrahaké
nyawané kanggo nebus dosané wong
akèh, lan rila ngrasakaké nasibé wong
ala."

54

1 Hé Yérusalèm, kowé kaya wong
wadon sing gabug, nanging saiki
kowé bisa surak-surak kanthi bungah.
Saiki anakmu luwih akèh tinimbang
wong sing ketunggon bojoné.
2 Kémahmu jembarna, taliné dawakna
lan pathok-pathoké kukuhna!
3 Tapel watesé tanahmu bakal dielar
ngiwa lan nengen; tanahmu sing biyèn
dienggoni bangsa-bangsa liya bakal
bali marang kowé kabèh. Kutha-kutha
sing mauné suwung bakal kebak wong
menèh.
4 Kowé aja wedi; kowé bakal ora
kwirangan menèh, lan aja rumangsa

asor. Malah kowé bakal lali karo
kwirangan sing koksandhang nalika
kowé isih enom, lan lali marang
enggonmu ora kajèn nalika kowé dadi
randha.
5 Kang nitahaké kowé kuwi bakal
jumeneng kaya gantiné bojomu.
Asmané kasebut Pangéran, Allah Kang
Mahakwasa. Allahé Israèl Kang Mahasuci
bakal mitulungi kowé, Panjenengané
kuwi Allahé wong salumahing bumi.
6 Hé Israèl, kowé kaya wong wadon
kang ditinggal bojoné jaka-lara, mulané
atimu semplah. Nanging kowé saiki
ditimbali déning Allah kaya garwa
jaka-laramu.
7 Panjenengané ngandika, "Kowé
Daktinggal mung sedhéla, nanging kowé
Dakpundhut menèh lan Daktresnani
banget.
8 Sajroning Aku ndhawahaké paukuman
kowé Daktinggal sedhéla, nanging
Aku bakal ngetingalaké katresnan-Ku
selawasé." Mengkono pangandikané
Pangéran kang mitulungi kowé.
9 "Nalika jamané Nuh Aku janji ora
bakal ngeleb bumi menèh. Saiki Aku janji
yèn ora bakal duka karo kowé menèh.

Aku ora bakal ngancam lan ngajar kowé
menèh.
10 Gunung-gunung lan punthuk-punthuk
bakal ngalih saka enggoné, nanging
katresnan-Ku ora bakal pisah saka
kowé. Janji-Ku paring katentreman bakal
Daktetepi." Mengkono pangandikané
Pangéran sing ngasihi kowé.
11 Pangéran ngandika mengkéné,
"Hé Yérusalèm, negara sing kebak
kasangsaran lan apes, sing ora duwé
wong sing bisa nglipur. Pondhasiné
kuthamu bakal Dakbangun menèh
nganggo watu-watu sing becik.
12 Menara-menaramu bakal Dakbangun
nganggo watu akik, lan gapura-
gapuramu nganggo watu sing
mencorong.
13 Umat-Ku bakal Dakwulang lan
Dakparingi karaharjan lan katentreman.
14 Keadilan lan kabeneran bakal gawé
sentosamu. Kowé bakal kaedohaké saka
panindhes lan panganiaya.
15 Sapa waé ora Dakparengaké nglawan
marang kowé, lan sapa sing nglawan
kowé bakal cilaka.
16 Aku sing nitahaké pandhé, sing
ngububi geni lan gawé gegaman manut

kapinteranè. Aku uga sing nitahaké
tentara, sing ngempakaké gegaman mau
kanggo matèni wong.
17 Nanging gegaman sing ditamakaké
marang kowé bakal ora tedhas; lan
sapa sing ndakwa kowé ana ing
pengadilan bakal koktangkis. Aku bakal
ngayomi para abdi-Ku sing bakal padha
Dakparingi kaunggulan." Mengkono
pangandikané Pangéran.
55 1 Pangandikané Pangéran, "Hé
sakèhé wong sing ngelak, padha
majua, ing kéné ana banyu! Mrénéa
kowé sing padha ora duwé dhuwit,
nggawaa gandum lan mangana! Mrénéa,
njupuka anggur lan susu, kowé ora
susah mbayar!
2 Yagéné kowé ngetokaké dhuwit
kanggo tetuku pangan sing ora maregi?
Yagéné nanjakaké opahanmu, mangka
kowé tetep ngelih? Rungokna dhawuh-Ku
lan nglakonana pitutur-Ku, mula kowé
bakal nampa pangan sing maédahi.
3 Saiki rungokna, hé umat-Ku, lan
padha mareka marang Aku; nyedhaka
Aku, sarta kowé bakal urip! Aku bakal
gawé prejanjian karo kowé, lan bakal

maringi kowé berkah sing Dakjanjèkaké
marang Dawud.
4 Dawud Dakdadèkaké raja ngirid
para bangsa, lan lantaran Dawud
Aku nedahaké pangwasa-Ku marang
bangsa-bangsa mau.
5 Kowé bakal ngundang bangsa-bangsa
manca, sing biyèn ora kenal karo kowé,
nanging saiki bakal padha kemrubut
marani kowé, kepéngin rukun karo kowé!
Aku Pangéran Allahmu, Allahé Israèl
Kang Mahasuci bakal ndadèkaké kabèh
mau kelakon. Kowé bakal Dakparingi
kaurmatan lan kemenangan!"
6 Padha sowana Pangéran, mumpung
Panjenengané kersa disowani;
sesambata marang Panjenengané
mumpung Panjenengané isih cedhak.
7 Wong ala ninggala kelakuané sing
lawas, lan ngowahana pengangen-
angené; banjur padha tobata marang
Pangéran, Allah kita; Panjenengané kuwi
ambek welasan lan gedhé pangapurané.
8 Pangandikané Pangéran, "Rancangan-
Ku ora kaya rancanganmu, lan cara-Ku
béda karo caramu.
9 Kaya dhuwuré langit enggoné
ngungkuli bumi, iya semono bédané

tumindak-Ku karo penggawému, lan
rancangan-Ku enggoné kinacèk karo
angen-angenmu.
10 Pangandika-Ku kaya salju utawa udan
sing tiba saka langit nelesi bumi, njalari
tanduran padha tuwuh lan ngasilaké
winih sing kena disebar lan pangan
kanggo maregi weteng.
11 Mengkono uga sabda sing
Dakngandikakaké, bakal nindakaké
apa sing Dakrancang; lan ngleksanani
sedhéngah prekara sing Dakdhawuhaké,
lan sing kudu dilakoni.
12 Kowé bakal budhal saka Babil
kanthi bungah, bakal diuntapaké lan
didongakaké slamet tekan tapel watesé
negara. Gunung-gunung lan punthuk-
punthuk bakal padha memuji apa déné
wit-witan bakal padha surak-surak saka
bungahé.
13 Wit beros bakal padha thukul
minangka gantiné eri, lan jambu
keling dadi liruné kecubung. Kuwi
bakal dadi pretandha langgeng, lan
dadi pengéling-éling marang apa kang
Daktindakaké."

56 1 Pangandikané Allah marang
umaté, "Padha nglakonana

sarupaning prekara adhedhasar
kabeneran lan keadilan, sebab sedhéla
engkas Aku bakal ngluwari kowé.
2 Aku bakal mberkahi wong sing
selawasé netepi, ora nglirwakaké dina
Sabbat. Aku bakal mberkahi wong sing
ora nindakaké piala."
3 Wong manca sing wis nunggal karo
umaté Allah aja nganti padha muni,
"Gusti Allah ora marengaké aku ngabekti
bebarengan karo kowé." Wong kebirèn
aja nganti duwé penganggep yèn merga
saka enggoné ora duwé anak, ora kena
dadi umaté Allah.
4 Pangandikané Gusti Allah marang
wong sing kaya mengkono mau
mengkéné, "Menawa kowé ngurmati
asma-Ku srana netepi dina Sabbat,
lan menawa kowé nglakoni pegawéan
sing gawé renaning penggalih-Ku, sarta
kalawan setya ngugemi janji-Ku,
5 jenengmu bakal kacathet ana ing
Pedaleman-Ku lan ana ing antarané
umat-Ku. Iku luwih becik ketimbang
duwé anak lanang utawa wadon.
Jenengmu sing bakal lestari diéling-
éling, ngungkuli wong sing duwé
anak-putu."

6 Lan Pangéran bakal ngandika
mengkéné marang para wong manca
sing dadi umaté, sing nresnani lan
ngladosi Panjenenganė, sarta sing
netepi Sabbaté, karomenèh setya karo
prejanjiné,
7 "Kowé bakal Dakirid menyang Sion,
gunung-Ku sing suci, lan Dakparingi
kabungahan ana ing Pedaleman-
Ku. Kurban obongan lan kurban
sembelèhanmu bakal padha ketrima ana
ing mesbèh-Ku. Pedaleman-Ku bakal
kasebut omah pamujan kanggo para
umat kabèh."
8 Pangandikané Allah Kang Mahakwasa
sing ngirid umaté Israèl bali saka
pembuwangan, "Aku wis janji bakal
nambahi wong akèh menèh marang
umat Israèl sing wis diklumpukaké."
9 Pangéran ngandika marang bangsa-
bangsa manca supaya padha teka kaya
kéwan alasan, lan mangsa umaté Allah.
10 Dhawuhé, "Para pengarep sing
kuduné ngélingaké umat-Ku padha
picak! Padha ora ngerti apa-apa. Padha
kaya asu jaga sing ora njegog, mung
padha turu lan ngimpi. Pancèn padha
seneng turu!

11 Padha kaya asu nggragas sing ora
wareg-wareg. Wong kaya mengkono
kokdadi pangon. Padha ora nitèni. Saben
wong tumindak sasenengé dhéwé lan
mburu énaké dhéwé-dhéwé.
12 Ujaré mengkéné, 'Ayo padha ngombé
anggur sakatogé! Sésuk ya mengkéné
menèh, malah ngluwihi dina iki.'"

57 1 Wong mursid tiwas, mangka
ora ana sing ngaruhaké utawa
mreduli. Nanging yèn wis mati, wong
mau ora ngalami kasusahan menèh.
2 Wong sing uripé becik padha ngaso
kanthi tentrem ana ing kuburé.
3 Nanging kowé para wong dosa, padha
majua mréné supaya diadili. Kowé ora
luwih becik ketimbang karo tukang sihir,
para wong sing padha nyembah brahala
lan para sundel.
4 Sapa sing padha kokgeguyu? Sapa
sing kokécé?
5 Kowé padha nyembah brahala
kesuburan srana laku jina sangisoré
wit-wit sing kokanggep kramat. Anak-
anakmu kokenggo kurban ana ing
guwa-guwa karang ing sacedhaké kali.
6 Saka kali kono kowé njupuk watu
klimis, banjur koksembah, kokanggep

allah. Kowé ngesokaké anggur minangka
kurbané. Kowé banjur gawé kurban
gandum. Apa kokkira Aku seneng karo
kuwi mau kabèh?
7 Kowé munggah menyang gunung-
gunung saos kurban lan laku jina.
8 Reca-recamu cabul kokdokok ing
samburining lawangmu ngarep. Aku
koksingkur. Kowé nyopot sandhanganmu
lan munggah ing peturonmu karo
sundel-sundel, sing kokbayar supaya
turu karo kowé. Lan ana ing kono kowé
nguja nepsumu.
9 Kowé banjur lunga arep nyembah
Déwa Molokh karo nggawa lenga wangi
lan anggi-anggi sing wangi. Supaya olèh
reca brahala sing koksembah, kowé
kongkonan wong menyang ngendi-endi,
malah menyang kuburan-kuburané wong
mati.
10 Kowé dhéwé ora ngétung sayah
golèk reca liyané, éwasemono kowé ora
ngresula karo muni, ‘Wis cukup seméné
waé,’ merga kowé duwé penganggep
yèn reca-recamu sing njijiki kuwi awèh
kekuwatan marang kowé, nganti kowé
ora krasa kesel.

11 Pangandikané Pangéran, "Endi
brahala sing kokwedèni, nganti
kokréwangi nggorohi Aku lan lali
babar-pisan karo Aku? Apa enggonmu
mari saos pakurmatan marang Aku
merga Aku tekan sepréné meneng waé
kuwi?
12 Apa kokkira tindakmu kuwi bener?
Aku bakal mbèbèraké kaluputanmu
lan brahala-brahalamu bakal ora bisa
mitulungi kowé.
13 Yèn kowé sesambat njaluk tulung,
karebèn brahala-brahalamu waé
mitulungi kowé! Mangka yèn katerak
angin waé brahala-brahalamu bakal
rusak. Nanging sing precaya karo Aku
bakal manggon ing tanah kéné, lan
ngabekti marang Aku ana ing gunung-Ku
sing suci."
14 Pangandikané Pangéran, "Umat-Ku
balèkna marang Aku. Singkirna apa
sing ngalang-alangi ana ing dalan
sing diambah! Dalané dandanana lan
ratanen!
15 Aku iki Kang Mahaluhur, Allah Kang
Mahasuci, kang gesang langgeng. Aku
lenggah ing swarga sing luhur lan suci,
nanging uga dedalem ana ing atiné

wong sing andhap-asor lan nlangsani
dosané, supaya Aku nggedhèkaké atiné
lan nggugah pengarep-arepé.
16 Umat-Ku Dakparingi urip; Aku ora
bakal tansah ndukani lan ndhawahaké
paukuman.
17 Enggon-Ku duka merga saka dosané
lan aluamahé. Mulané Dakajar lan
Daktégakaké. Nanging umat kuwi
wangkal lan nggugu karepé dhéwé.
18 Aku pirsa kelakuané lan bakal
Dakbeneraké. Bakal Daktuntun lan
Daktulungi. Sing prihatin bakal Daklipur.
19 Aku nyawisaké katentreman kanggo
wong sing cedhak lan wong sing adoh!
Umat-Ku bakal Dakpulihaké.
20 Nanging wong ala padha kaya banyu
segara, sing ombaké ora tau meneng,
lan ngumbulaké rereged lan endhut.
21 Pangandikané Pangéran, ‘Wong ala
ora nemu katentreman.’"

58 1 Pangandikané Pangéran,
"Kandhakna sing tenan, sing blak-
blakan! Kandhakna bab dosa-dosané.
2 Pancèn saben dina padha ngabekti
marang Aku lan kandhané kepéngin
ngerti dalan-Ku lan netepi dhawuh-
dhawuh-Ku. Padha nyuwun pirsa bab

dhawuh-dhawuh sing adil, lan padha
seneng sowan ngabekti marang Aku,"
unjuké,
3 "Menapa ginanipun kula sami pasa
menawi mboten Paduka gatosaken?
Kénging menapa Paduka mboten mreduli
samasa kula sami nyiksa badan kula?"
Pangandikané Pangéran, "Sejatiné
yèn kowé padha pasa, kowé padha
mburu butuhmu dhéwé lan meres
buruh-buruhmu.
4 Kowé padha pasa, nanging atimu
tetep wangkot, kowé tukaran lan
antem-anteman. Apa kokkira pasamu
sing mengkono kuwi bisa njalari Aku
nggatèkaké pandongamu?
5 Miturut penganggepmu pasa kuwi
nyiksa badanmu sedina muput,
ndhingklukaké sirah kaya godhongé
suket, nganggo sandhangan bagor lan
ngepyuraké awu ana ing sirah. Apa
kaya ngono kuwi sing kokarani pasa?
Apa kokkira pasa sing ngono mau gawé
renaning penggalih-Ku?
6 Pasa sing Dakkersakaké kuwi
mengkéné: Nguculana ranténing panyia-
nyia, mbuwanga momotan sing ora adil,
luwarana wong sing ditindhes!

7 Wong luwé wènèhana panduman
saka panganmu dhéwé, wong miskin
lan wong glandhangan wènèhana
pondhokan, wong kewudan wènèhana
sandhangan, lan aja owel mitulungi
sedulur-sedulurmu dhéwé.
8 Yèn kowé nglakoni mengkono Aku
bakal ngesokaké sih-kamirahan-Ku
kaya padhanging srengéngé ing wayah
ésuk, lan lelaramu bakal Dakbuwang.
Aku bakal tansah nunggal karo kowé
lan mitulungi kowé; Aku bakal tansah
cedhak karo kowé lan ngayomi kowé.
9 Samasa kowé ndedonga bakal
Dakpiyarsakaké. Samasa kowé
sesambat marang Aku, Aku bakal paring
wangsulan. Yèn kowé mbuwang sakèhé
panganiaya sing ana ing satengahmu
lan sakèhé gemunggungmu, lan sakèhé
tembung ala;
10 lan awèh pangan marang wong
sing keluwèn sarta maregi wong sing
kecingkrangan, pepeteng sing ana
ing kiwa-tengenmu bakal malih dadi
pepadhang kaya raina.
11 Kowé bakal tansah Daktuntun lan
Dakwaregi srana samubarang sing becik.
Kowé bakal dadi kuwat lan sentosa,

kaya taman sing akèh banyuné, kaya
sendhang sing ora tau asat.
12 Wong-wongmu bakal mbangun
menèh bètèng sing wis suwé dadi
gempuran, ana ing pondhasiné sing
lawas. Kowé bakal kasebut ‘Ahli ndandani
bètèng, lan omah-omah sing bobrok.’"
13 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Menawa kowé nucèkaké dina Sabbat
lan ing dina kuwi ora golèk penggaotan;
yèn dina kuwi kokajèni dadi dina
sing Daksengker, kokurmati srana ora
lelungan, ora nyambut-gawé lan ora
caturan sing tanpa guna,
14 kowé bakal ngalami kabungahan
merga enggonmu ngabekti marang Aku.
Aku bakal njunjung jenengmu, nganti
kowé bakal kajèn ing salumahing bumi,
lan kowé bakal ngrasakaké berkahé
tanah sing Dakparingaké marang kowé
saka leluhurmu Yakub. Aku Pangéran,
sing ngandika."

59 1 Aja kokkira yèn Allah kuwi
apes, nganti ora bisa mitulungi
kowé, utawa talingané ora mireng
pesambatmu!
2 Nanging merga saka dosa-dosamu,
Panjenengané ora miyarsakaké kowé.

Dosa-dosamu kuwi dadi singgetan
ing antarané Allahmu lan kowé, sarta
dosamu sing ndadèkaké Panjenengané
ngaling-alingi wedanané, mula ora
miyarsakaké samasa kowé padha
ngabekti ana ing ngarsané.
3 Kowé nglakoni dosa goroh, ngrodha-
peksa lan matèni wong.
4 Kowé padha urusan ana ing
pengadilan, nanging ora merga
nggegegi kabeneran. Kowé ngendelaké
enggonmu pinter goroh kanggo
menangaké urusanmu. Kowé nindakaké
rancanganmu merga arep gawé
cilakaning liyan.
5 Piala sing kokrancang kuwi isi pepati
kaya endhogé ula mandi. Yèn dipecah
metu ulané! Nanging rancanganmu sing
mengkono mau ora migunani tumraping
kowé. Kuwi presasat klambi sing kagawé
saka klamaté kemangga!
6 (59:5)
7 Kowé selawasé ngrancang piala, lan
ora sranta terus nindakaké. Kowé ora
tau mangu-mangu matèni wong sing ora
salah. Menyanga ngendi waé paranmu,
kowé gawé karusakan lan njalari cilaka,

8 lan wong ora rumangsa tentrem ana
ing sacedhakmu. Apa sing koktindakaké
kuwi mung piala thok. Sing kokambah
mung dalaning piala, lan wong sing
ngambah dalan kono atiné ora tentrem.
9 Pangucapé umat, "Saiki kita ngerti
apa sebabé Allah ora ngluwari kita
saka tangané wong-wong sing nganiaya
kita. Kita padha ngarep-arep anaa
pepadhang, nanging sing ana mung
peteng ndhedhet.
10 Kita padha gagap-gagap kaya wong
picak. Ing wayah awan kita padha
kesandhung-sandhung kaya ing wayah
bengi; kita wong waras-wiris, nanging
padha karo wong mati.
11 Kita padha giris lan nandhang
kasusahan. Kita padha ngarep-arep
pitulungé Allah saka panganiaya lan
panyiksa, nanging ora olèh apa-apa.
12 Dhuh Allah, dosa kawula dhateng
Paduka mila kathah. Dosa-dosa kawula
sami nggugat dhateng kawula. Kawula
ngakeni menika sedaya.
13 Kawula sami nglawan Paduka, sami
nampik Paduka lan sami murtad. Kawula
sami nganiaya tiyang sanès sarta nyélaki

Paduka. Pikiran kawula nyasar lan
tembung kawula goroh.
14 Keadilan sampun kawula singkiraken
lan kaleresan sampun tebih saking
kawula. Kejujuran sampun mboten
wonten ing masarakat lan katentreman
ugi sampun mboten angsal papan.
15 Katemenan sampun mèh ical babar-
pisan, ngantos tiyang ingkang badhé
mantuni enggènipun damel awon, malah
dados kurbaning piawon." Pangéran
pirsa kuwi mau kabèh, lan penggalihé
ora rena déné wis ora ana katemenan
lan keadilan.
16 Panjenenganè gumun déné ora
ana wong sing nulungi wong sing
dianiaya. Mulané Panjenenganè bakal
ngagem pangwasané kanggo ngluwari
wong-wong mau lan bakal kelakon.
17 Panjenenganè bakal ngagem keadilan
minangka ageman-wesi lan kemenangan
minangka tutup sirah. Pemales minangka
ageman, lan adrengé penggalihé bakal
njejegaké samubarang sing ora bener,
apa déné numpes wong sing njalari
ananè panganiaya.
18 Panjenenganè bakal ngukum
mungsuh-mungsuhé miturut

penggawéné, senajan sing padha
manggon ing negara-negara sing adoh.
19 Wiwit saka Wétan tekan Kulon saben
wong bakal padha saos bekti merga wedi
marang Panjenenganė krana gedhéning
pangwasané. Panjenenganė bakal rawuh
kaya kali sing santer iliné, lan kaya
sentoring angin lésus.
20 Pangandikané Pangéran marang
umaté, "Aku bakal rawuh ing Yérusalèm
ngayomi kowé lan ngluwari sedulurmu
sing padha mratobat saka dosa-dosané.
21 Lan Aku bakal gawé prejanjian karo
kowé mengkéné, ‘Aku bakal maringaké
pangwasa lan piwulang-Ku marang
kowé, dadia darbèkmu selawas-lawasé.
Wiwit saiki kowé padha mbangun-
turuta marang Aku lan ngandhanana
anak-turunmu supaya sabanjuré tansah
mbangun-turut marang Aku!’"
60 1 Tangia hé Yérusalèm lan
nyunarna pepadhang kaya
srengéngé; awit kamulyané Pangéran
wis madhangi kowé!
2 Bangsa-bangsa liya bakal ketutupan
ing pepeteng, nanging pepadhangé
Pangéran bakal nyunari kowé.

3 Para umat bakal padha marani
pepadhangmu lan raja-raja bakal nekani
cahya sing madhangi kowé.
4 Ndelenga ing kiwa-tengenmu apa
sing kelakon ing kono, wong-wongmu
padha nglumpuk arep budhal bali.
Anak-anakmu lanang bakal teka saka
tanah adoh. Anak-anakmu wadon bakal
padha digéndhong kaya bocah cilik.
5 Kowé bakal ndeleng kuwi mau kabèh,
mula atimu bungah. Saka bungahmu
kowé bakal gugup. Kasugihané bangsa-
bangsa bakal diwènèhaké marang kowé,
kasugihan sing asalé saka sabrangé
segara.
6 Unta pirang-pirang bakal teka saka
Midian lan saka Éfa. Ana uga sing
saka Syéba. Wong-wong bakal padha
nyritakaké kabar kabungahan bab
pakaryané Allah.
7 Sakèhé wedhus sing ana ing Kédhar
lan Nébayot bakal diklumpukaké ana ing
ngarepmu dienggo kurban, kasaosaké
ana ing mesbèhé Pangéran supaya
gawé renaning penggalihé. Pangéran
bakal mbangun Pedalemané luwih mulya
ketimbang karo sing uwis-uwis.

8 Prau-prau sing tekané kaya méga,
kaya manuk dara sing marani paguponé,
kuwi prau apa?
9 Kuwi prau-prau sing saka negara-
negara adoh, nggawa anak-anakmu saka
negara-negara mau karo momot slaka
lan emas, kanggo ngurmati asmané
Pangéran, Allahé Israèl Kang Mahasuci,
sing paring kaluhuran marang umaté!
10 Pangandikané Pangéran marang
Yérusalèm, "Bangsa-bangsa manca
bakal mbangun bètèngmu. Para rajané
bakal padha ngladèni kowé. Merga
saka duka-Ku kowé Dakgebugi, nanging
merga saka palimirma-Ku kowé saiki
Dakwelasi.
11 Gapuramu bakal tansah menga
rina lan wengi, supaya para rajané
bangsa-bangsa bisa mlebu, ngeteraké
raja-branané kanggo kowé.
12 Nanging para bangsa sing ora
ngladèni kowé bakal katumpes
babar-pisan.
13 Hé Yérusalèm, kayu-kayu Libanon
sing éndah bakal diteraké menyang
panggonanmu, kayata kayu sanobar,
kayu berangan lan kayu cemara. Kayu-
kayu kuwi kanggo mbangun kuthamu

lan Pasucèn-Ku, supaya luwih éndah lan
agung.
14 Para anaké wong sing nganiaya
kowé bakal padha marani kowé karo
temungkul, lan anaké wong sing biyèn
ngala-ala kowé bakal padha sumungkem
ing tlapakanmu, lan kowé bakal disebut:
‘Kuthané Pangéran’, ‘Sion, kagungané
Allahé Israèl Kang Mahasuci’.
15 Kowé bakal ora ditinggal lan disengiti
menèh kaya dhèk biyèn, nalika ora
diambah déning wong lan sepi nyenyet.
Kowé bakal Dakgawé gedhé lan éndah,
dadi panggonan sing nyenengaké
selawasé.
16 Bangsa-bangsa lan raja-raja bakal
ngrumati kowé, kaya biyung sing
ngrumati anaké sing isih bayi. Kowé
bakal ngerti yèn Aku, Pangéran, sing
mitulungi kowé. Allahé Israèl Kang
Mahakwasa sing ngluwari kowé.
17 Kowé bakal Dakparingi emas gantiné
tembaga, slaka lan tembaga minangka
ijolé wesi lan watu. Para penggedhému
bakal ora nindhes kowé menèh, merga
bakal Dakdhawuhi ngerèh kowé kalawan
adil lan njaga katentreman.

18 Ing tanahmu bakal ora ana kabar
panganiaya menèh, lan bakal ora ana
kerusakan ana ing tapel watesmu.
Aku bakal ngayomi kowé lan njaga
bètèngmu. Kowé bakal ngluhuraké Aku,
merga Aku wis mitulungi kowé.
19 Dudu srengéngé menèh sing
madhangi kowé ing wayah awan, lan
dudu rembulan sing madhangi kowé
ing wayah bengi, nanging Aku dhéwé,
Pangéran, sing bakal dadi pepadhangmu
selawasé. Kamulyan-Ku bakal dadi
pepadhangmu.
20 Mangsané prihatinmu bakal rampung.
Aku, Pangéran, sing jumeneng dadi
pepadhangmu sing langgeng ing
selawasé, ngungkuli srengéngé lan
rembulan.
21 Wong-wongmu bakal dadi wong
mursid menèh lan bakal nduwèni tanahé
selawas-lawasé. Wong-wong kuwi padha
dadi dhedheran tanduran-Ku dhéwé,
yasaning asta-Ku, supaya Aku diluhuraké
déning wong kabèh.
22 Brayatmu sing cilik lan asor dhéwé
bakal dadi bangsa gedhé lan sentosa;
yèn wis tekan mangsané kuwi kabèh

Dakgawé énggal kelakon. Aku sing
jumeneng Pangéran!"

61

1 Aku kepenuhan déning Rohé
Pangéran Kang Mahakwasa.
Aku dijebadi lan diutus déning
Panjenenganè, kadhawuhan martakaké
kabar kabungahan marang wong miskin,
nambani wong sing atiné semplah,
ngumumaké pangluwaran marang wong
tahanan, lan kamardikan marang wong
sing dikunjara.
2 Panjenenganè ngutus Aku
ngumumaké yèn wis tekan wektuné
Allah mitulungi umaté lan nelukaké para
mungsuhé. Aku diutus nglipur wong sing
padha prihatin.
3 Didhawuhi nggawa kabungahan
marang wong-wong ing Sion, sing padha
nandhang susah, supaya mari sedhihé
lan uripé dadia seneng, supaya padha
memuji merga wis ilang kasangsaranè.
Wong-wong mau bakal kaya wit-witan,
sing ditandur déning Pangéran, lan
padha dadi wong mursid. Mula Pangéran
bakal kaluhuraké merga saka pakaryan
sing wis ditindakaké.

4 Wong-wong mau bakal mbangun
kuthané menèh, sing wis lawas dadi
gempuran.
5 Hé umat-Ku, wong manca bakal padha
ngladèni kowé. Bakal padha ngengon
wedhusmu lan nggarap lemahmu sarta
njaga kebon anggurmu.
6 Kowé bakal kasebut imamé Pangéran,
para abdiné Allah kita. Kasugihané para
bangsa bakal dadi panganmu, lan bakal
padha marem atiné déné bisa gawé
senengé atimu srana barang-darbèké.
7 Kawiranganmu lan kanisthanmu wis
rampung, kowé bakal manggon ing
tanahmu dhéwé, lan kasugihanmu bakal
tikel-matikel, sarta kabungahanmu bakal
ora ana entèké.
8 Pangéran ngandika mengkéné, "Aku
remen keadilan lan sengit marang
panyia-nyia. Umat-Ku bakal Dakganjar
miturut penggawéné, lan Aku bakal
gawé prejanjian karo wong-wong kuwi.
9 Umat-Ku bakal misuwur ana ing
antarané para umat; saben wong bakal
weruh yèn kuwi umat sing Dakberkahi."
10 Yérusalèm bakal bungah-bungah
merga pakaryan sing katindakaké déning
Allah. Yérusalèm bakal kaya pengantèn

wadon, sing dipaèsi arep ditemokaké,
dienggoni karahayon lan kaunggulan.
11 Kaya upamané winih sing thukul ing
lemah, kaya mengkono Pangéran Kang
Mahakwasa enggoné bakal nuwuhaké
umaté, lan sakèhé bangsa bakal padha
memuji asmané.
62 1 Aku bakal ngandika kanggo
nggedhèkaké atiné Yérusalèm;
bakal ora meneng-meneng enggon-Ku
nglipur nganti Yérusalèm kaslametaké,
lan karahayoné sumunar kaya obor ing
wayah bengi.
2 Yérusalèm, para bangsa bakal padha
ndeleng karahayonmu! Para raja bakal
padha weruh kamulyanmu, lan kowé
bakal kasebut nganggo jeneng anyar,
sing diparingaké déning Pangéran
piyambak.
3 Kowé bakal kaya makuthané Allah
sing éndah, lan makutha kraton ana ing
astané Pangéran.
4 Kowé bakal ora diarani: "Wong sing
ditinggal ijèn". Lan tanahmu bakal ora
karan: "Bojo sing dipegat". Jenengmu
anyar yakuwi: "Kang gawé renané
penggalih-Ku," lan tanahmu bakal
kasebut: "Jejodhoan sing begja". Merga

Pangéran ngasihi kowé, lan bakal ngasihi
tanahmu kaya garwané.
5 Kaya jaka sing kawin karo prawan,
kaya pengantèn lanang sing dhemen
karo sisihané, mengkono Pangéran
enggoné bungah merga kowé.
6 Hé Yérusalèm, Aku wis nugasaké
wong jaga ana ing bètèngmu, sing rina
wengi ora kena ngaso, ngémutaké Aku
marang janji-Ku karo kowé, supaya Aku
ora kesupèn.
7 Para wong jaga mau aja lèrèn-lèrèn
nyuwun marang Pangéran, nganti
Yérusalèm rampung kabangun, dadi
kutha sing misuwur ana ing bumi.
8 Pangéran wis janji nganggo
sumpah, lan bakal nindakaké ngagem
pangwaosé, "Gandummu mesthi ora
bakal Dakparingaké menèh marang
para mungsuhmu, lan bakal ora kelakon
menèh wong manca ngombé anggur
sing kokolah kanthi tlatèn.
9 Nanging kowé sing nandur lan kowé
sing panèn, lan ya kowé sing bakal
mangan gandummu karo memuji
marang Allah. Kowé sing ngrumati lan
ngolah anggurmu, iya kowé sing bakal
ngombé ana ing platarané Pasucèn-Ku."

10 Hé wong ing Yérusalèm, padha
metua! Padha gawéa dalan kanggo
umat sing padha mulih! Cawisna dalan
gedhé, watu-watuné singkirna! Masanga
pretandha supaya bangsa-bangsa padha
weruh.
11 Yèn Pangéran ngumumaké marang
sakèhé bangsa mengkéné, "Wong-
wong ing Yérusalèm kandhanana, yèn
Pangéran bakal rawuh ngluwari kowé,
lan ngirid wong-wong sing dislametaké."
12 Kowé bakal kasebut: ‘Bangsa sing
suci’, ‘Bangsa sing dislametaké déning
Pangéran’. Yérusalèm bakal kasebut:
‘Kutha sing dikasihi déning Allah’, ‘Kutha
sing ora ditilar déning Allah’.

63

1 "Sapa ta sing rawuh saka kutha
Bozra ing Édom? Sapa sing
ngagem ageman élok sing wernané
abang mbranang, sing tindaké kaya
wong gagah prakosa? Iku Pangéran,
kang kwasa mitulungi, sing rawuh
ngumumaké kaunggulané.
2 Yagéné Panjenengané ngagem
ageman abang mbranang, kaya
sandhangan sing dienggo déning
tukang ngiles woh anggur, digawé
ombèn-ombèn?"

3 Pangandikané Pangéran, "Bangsa-
bangsa wis Dakidak-idak kaya woh
anggur, lan ora ana wong sing
ngréwangi Aku. Padha Dakidak-idak
sajroning duka-Ku lan getihé nggupaki
ageman-Ku.
4 Aku wis mutusaké yèn saiki wis tekan
wektuné Aku ngluwari umat-Ku; wis
tekan titi-mangsané Aku ngukum para
mungsuhé.
5 Nalika Aku ndeleng ngiwa nengen,
Aku gumun déné ora ana sing ngréwangi
Aku. Gedhéné duka-Ku marakaké Aku
rosa, lan Aku unggul senajan Aku ijèn.
6 Sajroning duka-Ku bangsa-bangsa
Dakiles-iles, nganti ajur mumur. Getihé
Dakwutahaké ana ing lemah."
7 Aku arep nyritakaké sihé Allah sing
ora tau gagal. Aku arep memuji asmané
merga pakaryan sing katindakaké
kanggo kita. Panjenengané mberkahi
Israèl umaté kanthi loma, merga saka
sih-rahmaté lan kamirahané sing tanpa
kendhat.
8 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Kuwi umat-Ku, sing ora bakal ngapusi
Aku." Mulané padha diluwari

9 saka sakèhé kasangsarané. Dudu
malaékat, nanging Allah piyambak sing
ngluwari umaté. Merga saka sih lan
kawelasané enggoné padha dipitulungi.
Wiwit jaman kuna mula enggoné padha
dirimat lan digéndhong,
10 nanging padha mbaléla lan gawé
sekeling Roh Suci, mula Allah dadi
satruné lan nglawan marang umaté mau.
11 Nanging banjur padha kèlingan
lelakoné dhèk jamané Musa, abdiné
Allah. Banjur padha takon, "Saiki
Pangéran ana ing ngendi? Ana ing ngendi
Panjenenganė sing nylametaké para
pengarepé umaté saka segara? Ana ing
ngendi Pangéran sing maringaké Rohé
marang Musa?
12 Ana ing ngendi saiki Gusti Allah sing
lantaran Musa nindakaké pakaryan sing
ngébat-ébati srana kwasané, nyilakaké
banyuné segara lan ngirid umaté metu
banyu sing jero, mula asmané dadi
misuwur langgeng selawasé?" Merga
katuntun déning Pangéran, wong-wong
mau lakuné mantep kaya jaran sing
ngambah ara-ara, ora tau kesandhung.
13 (63:12)

14 Kaya raja-kaya sing katuntun
menyang panggonan sing akèh suketé,
kaya mengkono Rohing Pangéran
enggoné paring pengasoan marang
umaté, mula asmané kaluhuraké lan
kasaosan kaurmatan.
15 Dhuh Pangéran, saking Pedaleman
Paduka ing swarga ingkang suci saha
mulya kersaa mirsani dhateng kawula.
Wonten ing pundi adrengé penggalih
Paduka migatosaken dhateng kawula?
Wonten ing pundi pangwaos Paduka?
Wonten ing pundi sih tuwin kadarman
Paduka? Sampun ta nyupèkaken dhateng
kawula.
16 Paduka menika Rama kawula. Para
leluhur kawula Abraham lan Yakub
mboten sami tepang kaliyan kawula.
Nanging dhuh Allah, Paduka menika
Rama kawula, ingkang selaminipun
ngluwari kawula.
17 Kénging menapa Paduka parengaken
nylèwèng saking margi Paduka?
Kénging manapa manah kawula Paduka
wangkotaken ngantos kawula sami
mboten ajrih dhateng Paduka? Mugi
Paduka kersa wangsul, krana para abdi

Paduka, inggih krana umat ingkang
selaminipun dados kagungan Paduka.
18 Kawula, para umat kagungan
Paduka, kanggé sawetawis wekdal
sami katundhung déning para mengsah
kawula, ingkang sami ngidak-idak
Pasucèn Paduka.
19 Kados-kados Paduka menika mboten
naté ngerèh kawula, lan kawula mboten
kasebut umat Paduka.
64 1 Kénging menapa Paduka mboten
nyuwèk langit, lajeng tedhak,
ngantos gunung-gunung badhé oreg
margi saking ajrihipun?
2 Sedaya mesthi badhé sami gemeter
kados toya umob margi saking
bentèring latu. Paduka mugi rawuh
saha ngetingalaken pangwaos Paduka
dhateng para mengsah Paduka, ngantos
para bangsa badhé sami gemeter wonten
ing ngarsa Paduka.
3 Naté Paduka tumedhak, lajeng
nindakaken kaélokan ingkang nggegirisi,
ingkang mboten sami kawula nyana.
Redi-redi nalika sami sumerep lajeng
sami oreg saking ajrihipun.
4 Dèrèng naté wonten tiyang sumerep
utawi mireng wonten Allah kados

Paduka, ingkang nindakaken kaélokan-kaélokan kanggé tiyang ingkang pitados dhateng Paduka.
5 Paduka manggihi tiyang-tiyang ingkang sami temen-temen nglampahi kaleresan, inggih menika tiyang-tiyang ingkang sami kepéngin gesang kados ingkang Paduka kersakaken. Paduka duka dhateng kawula, éwasemanten kawula sami nglajengaken enggèn kawula sami damel dosa. Senajan Paduka sampun duka, éwasemanten kawula sami tetep nglampahi piawon wiwit jaman kina mila.
6 Kawula sedaya sami tiyang najis saha sakathahing kamursidan kawula menika kados sinjang ingkang kénging sesuker rah. Margi saking dosa-dosa kawula, kawula sami kados klaras garing, ingkang kabur ing angin.
7 Mboten wonten tiyang ingkang ngunjukakaken pandonga dhateng Paduka. Mboten wonten tiyang ingkang sowan dhateng Paduka nyuwun pitulungan. Paduka ngaling-alingi wedana Paduka tumrap kawula. Kawula sami Paduka tilar margi saking dosa-dosa kawula.

8 Nanging Paduka menika Rama kawula.
Kawula sedaya menika lempung lan
Paduka ingkang dados kundhinipun.
Paduka ingkang nitahaken kawula,
9 pramila sampun ngantos ngukum
kawula sanget-sanget, sarta sampun
ngantos ngèngeti kalepatan kawula
ngantos ing selaminipun. Kawula rak
umat Paduka, pramila mugi Paduka
welasi.
10 Kitha-kitha Paduka ingkang suci
dados ara-ara samun. Yérusalèm
sampun dados ludhesan ingkang
suwung,
11 sarta Pedalemanipun Allah, ingkang
éndah, panggènanipun para leluhur sami
memuji Paduka, sampun sirna kabesmi.
Sedaya panggènan ingkang sami kawula
aosi sampun dados gempuran.
12 Dhuh Pangéran, menapa Paduka
téga mirsani menika sedaya? Menapa
Paduka badhé kèndel kémawon, sarta
négakaken kawula sami nandhang
sangsara, nglangkungi kekiyatan
kawula?

65 1 Pangandikané Pangéran, "Aku
kersa miyarsakaké pandongané
umat-Ku, nanging umat-Ku ora padha

ndedonga. Aku kersa nemoni wong sing ora kenal karo Aku, nanging ora ana sing nemoni Aku. Bangsa iki ora ndedonga marang Aku, senajan Aku wis ngandika, ‘Aku ana ing kéné! Aku kersa mitulungi kowé!’
2 Aku tansah kersa nemoni umat-Ku sing mangkotaké atiné sajroné nglakoni piala lan nggugu karepé dhéwé.
3 Tanpa duwé isin bangsa kuwi tansah nekakaké paukuman-Ku, merga gawé kurban marang brahala ana ing taman-taman ing papan sing ndhelik lan kekutug ing mesbèhé wong kapir.
4 Yèn bengi padha menyang guwa-guwa lan kuburan-kuburan nekakaké rohé wong mati. Padha mangan daging babi lan ngombé kaldhu sing digawé saka dagingé kéwan sing dienggo kurban.
5 Banjur padha kandha siji karo sijiné, ‘Aja nyedhaki aku, aku wis suci; aja nggepok aku!’ Aku sengit karo wong sing kaya mengkono. Paukuman-Ku marang wong kuwi kaya geni sing ora kena disirep.
6 Aku wis mutus arep ngukum wong-wong mau lan paukumané wis Daktulis, Aku bakal ora kesupèn marang sing

ditindakaké déning wong-wong kuwi, lan
bakal padha Dakwales.
7 Iya dosané dhéwé, utawa dosané
leluhuré. Wong-wong kuwi padha
kekutug ana ing punthuk-punthuk,
ngobong dupa ing pedupané wong kapir,
karo ngala-ala Aku. Mulané wong-wong
mau bakal Dakukum ing samesthiné
tumrap dosa-dosa sing padha dilakoni."
8 Pangandikané Pangéran, "Ora ana
wong sing ngrusak anggur sing apik,
malah anggur mau digawé ombèn-
ombèn. Mengkono uga Aku bakal ora
numpes umat-Ku kabèh. Aku bakal
nylametaké wong-wong sing padha
ngabekti marang Aku.
9 Aku bakal mberkahi wong Israèl sing
asalé saka klompoké Yéhuda. Turun-
turuné bakal marisi tanah kagungan-Ku
lan gunung-gunungé. Umat pilihan-Ku
bakal padha manggon ana ing kono.
10 Umat-Ku mau bakal padha nyembah
marang Aku lan bakal nggiring wedhusé
lan sapiné menyang pangonan ing aréné
Saron ing sisih Kulon lan ing Lebak
Akhor, sisih Wétan.
11 Nanging kowé sing padha ninggal
Aku, lan lali marang gunung-Ku sing suci

sarta sujud marang déwa-déwa Gad lan
Mèni, déwané nasib begja lan cilaka,
kowé bakal ora ngalami mengkono.
12 Kowé bakal mati déning pedhang,
merga kowé ora mangsuli menawa
Daktimbali lan ora ngrungokaké menawa
Aku ngandika. Kowé milih nglawan Aku
lan nglakoni piala.
13 Mulané wong sing ngabekti marang
Aku bakal padha mangan wareg, nanging
kowé bakal padha kaliren; para abdi-Ku
bakal padha ngombé, nanging kowé
bakal padha kasatan. Para abdi-Ku bakal
padha bungah, nanging kowé bakal
padha nandhang wirang.
14 Abdi-Ku bakal padha surak-surak
saka senengé, nanging kowé bakal
padha sambat-sambat merga semplah
atimu.
15 Umat pilihan-Ku bakal nyebut
jenengmu kanggo ngipat-ipati wong.
Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
bakal maringi jeneng anyar marang
wong-wong sing mbangun-turut marang
Aku.
16 Saben wong sing kepéngin diberkahi
bakal nyuwun diberkahi déning Allah
kang mahasetya. Lan sing sapa arep

supata, supatané kuwi atas asmané
Allah kang mahasetya. Kasusahan sing
dialami biyèn, wis padha ora diélingi."
17 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Aku bakal nitahaké langit anyar
lan bumi anyar. Lelakon-lelakon sing
kepungkur bakal ora diélingi menèh.
18 Padha bungaha lan tansah surak-
suraka awit saka apa sing Daktindakaké.
Yérusalèm anyar mau kebak kabungahan
lan umaté bakal nampa kabegjan kabèh.
19 Aku dhéwé bakal rena ing penggalih
krana Yérusalèm lan umat sing manggon
ing kono. Ing kono bakal ora ana tangis
menèh, ora ana pesambat.
20 Ora ana bayi sing mati isih bocah. Lan
saben wong bakal dawa umuré. Wong
sing umuré satus taun bakal dianggep
isih enom. Mati sadurungé umur satus
taun nélakaké yèn wong mau Dakukum.
21 Wong bakal yasa omah, banjur
padha dienggoni dhéwé, lan ora bakal
dienggoni déning wong liya. Wong
bakal padha gawé kebon anggur lan
ngrasakaké kanikmatané angguré. Wong
liya ora bakal ngombé angguré. Umat-Ku
bakal dawa umuré, kaya wit-witan.

Umat-Ku bakal padha ngrasakaké asiling kangèlané.
22 (65:21)
23 Pegawéané bakal ngetokaké asil, lan anak-anaké bakal ora nemu kasangsaran. Anak-turuné bakal Dakberkahi selawas-lawasé.
24 Sadurungé rampung enggoné ndedonga marang Aku, bakal wis Dakparingi wangsulan.
25 Asu ajag lan cempé bakal padha mangan bebarengan; singa bakal mangan damèn, kaya sapi, lan ula bakal ora mbebayani menèh. Ana ing gunung-Ku sing suci bakal ora ana wong sing gawé piala utawa gawé cilaka."

66 1 Pangandikané Allah mengkéné, "Swarga kuwi dhampar-Ku, lan bumi dadi ancik-anciké sampéyan-Ku. Pedaleman kaya apa sing arep kokyasa kanggo Aku, lan panggonan kepriyé sing pantes Dakenggoni?
2 Aku dhéwé sing nitahaké jagad sing jembar iki! Aku rena karo wong sing andhap-asor, sing nlangsani dosané, sing wedi-asih karo Aku lan nglakoni dhawuh-Ku.

3 Wong padha urip sasenengé dhéwé.
Kanggoné wong mau padha waé, apa
kurban sing disaosaké mau sapi apa
manungsa, nyembelèh wedhus, apa
nyembelèh asu; apa sing disaosaké
gandum apa getihing babi; apa enggoné
ngobong menyan kanggo sembahyang
marang Allah, apa kanggo nyembah
brahala. Padha seneng ngabekti nganggo
cara sing nistha.
4 Aku bakal nekakaké karusakan
sing gawé girising atiné, merga yèn
Daktimbali padha ora mangsuli, lan yèn
Aku ngandika padha ora ngrungokaké.
Padha milih nglawan Aku lan nglakoni
piala."
5 Padha ngrungokna pangandikané
Pangéran, hé wong sing ngabekti lan
mbangun-turut marang Allah, "Merga
saka enggonmu setya marang Aku, kowé
nganti disengiti déning sanak-kadangmu
dhéwé, mula wong-wong mau padha ora
gelem sesrawungan karo kowé. Kowé
padha dipoyoki, kandhané, ‘Mbok Gusti
Allah aturana ngetingalaké kwasané
mitulungi kowé, dadi aku padha weruh
kabungahanmu.’ Nanging sejatiné
wong-wong mau bakal padha kwirangan!

6 Rungokna! Swara sing gumuruh saka
kutha, swara saka Pedalemané Allah.
Kuwi swarané Allah sing males marang
para satruné!
7 Negaraku sing suci kuwi kaya wong
wadon sing dadakan nglairaké anak
tanpa nganggo nglarani.
8 Apa tau ana lelakon sing kaya
mengkono? Apa ana bangsa sing
kalairaké sajroné sedina? Sion ora
prelu nandhang sangsara suwé nalika
nglairaké bangsa iki.
9 Aja dikira yèn wis tekan titi-mangsané
lair, ora Daklairaké! Pangéran Allah sing
ngandika.
10 Mulané Yérusalèm, kowé bungah-
bungaha. Padha bungah-bungaha
krana Yérusalèm, hé wong kabèh
sing tresna karo kutha kuwi! Sakèhé
wong sing padha mrihatinaké, padha
bungah-bungaha karo Yérusalèm saiki
uga!
11 Kowé bakal padha ngrasakaké
kamuktèné, kaya bayi sing nusu
biyungé."
12 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Kowé bakal Dakparingi kemakmuran
sing ora entèk-entèk; kasugihané

bangsa-bangsa bakal Daklubèraké
marang kowé kaya kali sing ora tau
asat. Kowé bakal kaya bayi sing
disusoni déning biyungé, digéndhong lan
dikudang.
13 Kaya mengkono bakal enggon-Ku
nyenengaké atiné Yérusalèm, kaya
biyung sing nglipur marang anaké.
14 Kowé bakal nyipati kuwi mau kabèh,
nganti kowé bakal bungah, lan merga
saka kuwi awakmu bakal dadi waras lan
rosa. Srana mengkono kowé bakal ngerti
yèn Aku iki Pangéran, sing mitulungi
wong sing mbangun-turut, lan ngukum
wong sing nglawan marang Aku."
15 Gusti Allah bakal rawuh ngasta geni.
Panjenengané bakal nitih swiwining
lésus ndhawahaké paukuman marang
wong-wong sing padha nekakaké
paukumané.
16 Saben wong sing salah bakal diukum
srana geni lan pedhang, lan akèh sing
bakal padha mati.
17 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wektuné wis ora suwé menèh kanggoné
wong sing padha nyembah brahala, sing
padha mlaku ing arak-arakan menyang
taman-taman kramat, sing mangan

daging babi lan tikus, sarta pangan
liya-liyané sing najis.
18 Aku pirsa gagasané lan penggawéné.
Aku bakal rawuh lan nglumpukaké
bangsa-bangsa kabèh. Yèn wis padha
ngumpul, bakal padha ndeleng sepira
gedhéné pangwasa-Ku.
19 Mula bakal padha weruh yèn Aku
iki sing ngukum wong-wong mau.
Nanging Aku bakal nisihaké wong
sawetara saka ing antarané, sing bakal
Dakutus menyang tanah-tanah adoh,
sing durung padha krungu asma-Ku lan
nyipati gedhéning pangwasa-Ku, yakuwi
menyang Spanyol, Libia lan Lida, sing
wong-wongé pinter manah, mengkono
uga menyang Tubal lan Yunani. Para
utusan mau bakal martakaké kaluhuran-
Ku ana ing tengahé bangsa-bangsa kapir
mau.
20 Sarta bakal padha ngirid bali sedulur-
sedulurmu sing ana ing tanahé bangsa
kapir, dadi pisungsung marang Aku.
Tekané ing gunung-Ku sing suci bakal
padha nunggang jaran, bihal lan unta,
malah ana sing nunggang tandhu lan
kréta. Carané kaya wong Israèl enggoné

nggawa kurban dhaharan menyang
Pedalemané Allah, ana ing wadhah suci.
21 Ing antarané wong-wong mau
ana sawetara sing bakal Dakpundhut,
Dakdadèkaké imam lan pembantu ana
ing Pedalemané Allah.
22 Padha kaya langit anyar lan bumi
anyar sing bakal Daktitahaké mau, bakal
langgeng merga déning pangwasa-Ku,
kaya mengkono uga anak-turunmu lan
jenengmu bakal lestari ing selawasé.
23 Sarta bakal kelakon saben pendhak
tanggal sepisan lan pendhak Sabbat
wong saka saben bangsa bakal teka
sujud ngabekti marang Aku ana
ing Yérusalèm kéné," mengkono
pangandikané Pangéran.
24 "Ana déné samasa mundur saka kono
bakal padha weruh jisimé wong-wong
sing padha murtad lan padha nglawan
marang Aku. Singgat sing mangan
wong-wong mau bakal ora mati lan geni
sing ngobong wong-wong mau bakal
ora disirep. Sesawangan sing mengkono
mau bakal gawé girising atiné para umat
kabèh."

Yeremia

1 [1] Kitab iki isi pangandikané Yérémia
bin Hilkia. Hilkia kuwi imam ing kutha
Anatot, tanah Bènyamin.
2 Nalika Yosia bin Amon enggoné
jumeneng raja ing Yéhuda nyandhak
telulas tauné, Allah ngandika marang
Yérémia,
3 lan ngandika menèh nalika Yoyakim
bin Yosia jumeneng raja. Sawisé kuwi
kerep ngandika marang Yérémia, nganti
Zedekia bin Yosia enggoné jumeneng
raja nyandhak taun kaping sewelasé. Ing
taun mau, yakuwi sasi kaping lima, wong
Yérusalèm padha kabuwang menyang
Babil.
4 Pangandikané Pangéran marang aku,
5 "Kowé Dakpilih sadurungé kowé ana.
Sadurungé lair kowé wis Dakpilih dadi
nabi kanggo bangsa-bangsa."
6 Unjukku, "Dhuh Allah Ingkang
Mahakwasa, kawula mboten saged
wicanten, margi kawula taksih nèm."
7 Nanging Pangéran ngandika marang
aku, "Kowé aja kandha yèn isih nom,

nanging kowé maranana wong-wong
sing kudu koktemoni atas dhawuh-Ku;
wong-wong iki kandhanana sakèhé
dhawuh sing Dakparingaké marang
kowé.
8 Aja wedi karo wong-wong mau, sebab
Aku nganthi kowé lan bakal mitulungi
kowé. Aku, Pangéran wis ngandika!"
9 Allah nuli mulung astané, lambéku
didumuk, sarta pangandikané marang
aku, "Tembung kang kudu kokucapaké,
Dakparingaké ana ing ilatmu.
10 Ing dina iki kowé Dakparingi kwasa
tumrap para bangsa lan kraton-kraton,
Dakdhawuhi mbedholi lan mbubrahi,
ngrusak lan nggempur, sarta mbangun
lan nandur."
11 Pangéran ndangu, "Yérémia, kowé
weruh apa?" Aturku, "Kawula sumerep
pangipun wit sakèd."[a]
12 Pangandikané Pangéran, "Bener,
sebab Aku wis siaga nindakaké apa sing
Dakdhawuhaké!"
13 Pangéran ngandika menèh, "Kowé
ndeleng apa menèh?" Aturku, "Kawula
sumerep wonten cèrèt ingkang

---

[a] wit sakèd: bangsanipun dlima.

toyanipun umob, ing sisih Lèr badhé
lubèr mengidul."
14 Pangandikané Pangéran, "Bakal ana
bebaya saka Lor nekani sakèhé wong
sing manggon ana ing tanah kéné.
15 Sebab Aku nimbali bangsa-bangsa
ing sisih Lor supaya padha teka mréné.
Para rajané bakal padha mapanaké
dhamparé dhéwé-dhéwé ana ing ngarep
gapurané Yérusalèm lan sakubengé
bètèngé; kutha-kutha liyané ing Yéhuda
iya dikepung kaya mengkono.
16 Umat-Ku bakal Dakukum merga wis
padha nglakoni dosa. Wis padha ninggal
Aku lan padha gawé kurban kanggo
nyembah allah-allah liyané, sarta padha
sujud marang reca ukir-ukiran gawéané
dhéwé.
17 Yérémia, kowé tata-tataa, umat kuwi
paranana lan kandhakna sakèhé prekara
sing Dakdhawuhaké marang kowé. Kowé
aja wedi karo wong-wong mau; yèn ora,
kowé dhéwé bakal Dakgawé geter ana
ing ngarepé wong-wong kuwi.
18 Rungokna, Yérémia! Saben wong ing
tanah kéné bakal nglawan marang kowé:
para rajané, para pegawé, para imam,
lan rakyat kabèh. Nanging ing dina iki

kowé Dakparingi pangwasa nanggulangi
panglawané; kowé Dakdadèkaké bètèng
sing sentosa, saka guru wesi lan témbok
tembaga. Kowé bakal ora dikalahaké,
sebab Aku nganthi kowé lan mitulungi
kowé. Aku, Pangéran wis ngandika."
19 (1:18)

2 1 Pangandikané Allah marang aku
mengkéné,
2 "Saben wong ing Yérusalèm padha
kandhanana sing seru, ‘Dhawuhé Allah
mengkéné: Aku ngélingi kasetyanmu
nalika kowé isih nom, lan marang
katresnanmu nalika kowé dadi
pengantèn anyar karo Aku; kowé
ngetutaké Aku nasak ara-ara samun,
metu tanah bera.
3 Israèl, kowé kuwi kagungan-Ku
piyambak, Dakpilih dadi kagungan-Ku
kang suci, Aku nekakaké kasusahan lan
karusakan marang saben wong sing
gawé cilakamu. Aku, Pangéran kang
ngandika.’"
4 Rungokna pangandikané Allah, hé
para turuné Yakub, para taleré Israèl.
5 Gusti Allah ngandika mengkéné, "Para
leluhurmu ndakwa apa marang Aku?
Apa sebabé padha nyingkur Aku? Déné

padha nyembah brahala sing ora ana
gunané, mula wong-wong mau dhéwé
iya dadi tanpa guna.
6 Padha ora mreduli karo Aku, senajan
wis padha Dakluwari saka tanah Mesir,
lan wis Dakirid metu ing segara wedhi:
ara-ara samun sing mung kebak punthuk
pasir, tanah sing garing lan kebak
bebaya, nganti ora ana wong sing
manggon ana ing kono, utawa gelem
liwat ing kono.
7 Padha Dakirid mlebu ing tanah sing
subur, supaya bisa ngrasakaké pametuné
sing becik-becik. Nanging malah padha
ngrusak lemah-Ku lan najisaké tanah
sing Dakparingaké.
8 Para imam padha ora nggolèki Aku lan
takon, 'Pangéran ana ing ngendi?' Para
imam-Ku dhéwé padha ora kenal karo
Aku. Para raja padha nglawan Aku; para
nabi padha medhar wangsit nganggo
nyebut Baal, sarta padha nyembah reca
ukir-ukiran sing ora ana gunané."
9 Gusti Allah ngandika mengkéné,
"Mulané Aku, Pangéran, bakal nggugat
umat-Ku menèh, anak-turuné bakal
Dakgawa menyang pengadilan.

10 Ndelenga mengulon, ing pulo Siprus,
utawa mengétan ing tanah Kédar, kowé
bakal weruh yèn ora tau ana lelakon sing
kaya mengkono.
11 Apa ana bangsa sing ngijolaké allahé,
senajan kuwi dudu Allah? Nanging
umat-Ku ngijolaké Aku karo reca-reca
sing ora bisa nindakaké apa-apa kanggo
mitulungi wong-wong mau.
12 Mulané sakèhé langit Dakdhawuhi
supaya wedi lan gemeter, merga saka
gumun lan kagèté.
13 Déné umat-Ku wis nglakoni dosa
rong prekara: padha nyingkur Aku,
etuké banyu urip, banjur padha gawé
kulah dhéwé, kulah sing bengkah lan
borot, ora kena kanggo nyimpen banyu
babar-pisan."
14 "Israèl rak dudu batur-tukon? Rak ora
lair saka batur-tukon? Apa sebabé déné
dioyak-oyak mungsuh nganti ambruk?
15 Mungsuhé padha nggero kaya singa,
lan marakaké tanah kéné dadi ara-ara
samun, kutha-kuthané dadi gempuran,
ditinggal suwung babar-pisan.
16 Wong Mèmfis lan wong Takhpanhès
wis padha nggundhuli sirahé wong
Israèl.

17 Hé Israèl, kuwi kabèh rak merga saka
polahmu dhéwé, merga kowé padha
nyingkur Aku, Pangéran Allahmu, nalika
kowé padha Daktuntun sedalan-dalan.
18 Ana ing Mesir kowé arep golèk apa?
Apa gunané ngombé banyuné Bengawan
Nil? Kowé kokarep menyang Asyur,
kuwi gunané apa? Kowé bathi apa yèn
ngombé banyuné Bengawan Éfrat?
19 Kowé bakal disiksa krana luputmu
dhéwé, lan merga enggonmu nyingkur
Aku, kowé bakal nampa paukuman.
Kowé bakal ngerti pituwasé yèn nyingkur
Aku lan ora tetep setya marang Aku,
Pangéran Allahmu, kuwi nekakaké walat
lan kasangsaran sing pait. Aku, Pangéran
Kang Mahakwasa wis ngandika!"
20 Pangandikané Allah Kang Mahakwasa,
"Israèl, wis lawas enggonmu nampik
pangrèh-Ku; kowé wegah mbangun-
turut lan ngabekti marang Aku. Malah
kowé padha nyembah sujud marang
déwa-déwané kesuburan, ing saben
punthuk ing sangisoré saben wit gedhé.
21 Kowé Daktandur kaya wit anggur sing
Dakpilih saka bibit sing becik dhéwé.
Nanging delengen, apa dadiné? Kowé
dadi anggur bosok sing ora ana ajiné.

22 Senajan Dakkumbaha nganggo
sabun akèh, najismu ora bakal ilang.
23 Kokbisa-bisamu muni yèn kowé ora
najisaké awakmu, lan ora nyembah
Baal? Ngélingana enggonmu gawé dosa
ana ing lebak. Pratingkahmu kaya unta
wadon lagi brahi, mbedhal mrana-mréné
ana ing ara-ara samun.
24 Sapa sing bisa nyegah pepénginané
golèk bojo? Unta lanang sing gelem ora
susah kangèlan, yèn wis wektuné kawin
gampang ngawini unta wadon mau.
25 Hé Israèl, jaganen supaya sikilmu
ora kesel lan gorokanmu ora garing
kasatan sajroné mburu brahala-brahala.
Nanging kowé mangsuli, ‘Ora, aku bakal
ora bali! Aku wis kadhung seneng karo
déwa-déwané bangsa liya, kuwi sing
arep dakbektèni.’"
26 Pangéran ngandika mengkéné, "Kaya
déné maling, kuwi yèn kecekel bakal
kwirangan, mengkono uga kowé, wong
Israèl bakal kwirangan; raja-rajamu,
penggedhé-penggedhému, para imam
lan para nabimu!
27 Kowé bakal kwirangan, merga kowé
wis muni yèn wit kuwi bapakmu lan
watu karang dadi biyungmu. Kaya

mengkono sing bakal kelakon merga
kowé ora mbangun-turut karo Aku,
malah nyingkur Aku. Mung yèn nemu
kasusahan waé kowé padha sesambat
marang Aku, nyuwun pitulungan.
28 Lah endi déwa-déwa sing kokgawé
dhéwé? Yèn kowé ketekan kasusahan,
mbok njaluka tulung karo déwa-déwa
kuwi, yèn pancèn bisa! Yéhuda, cacahé
déwamu rak akèh, padha kaya cacahé
kutha-kuthamu.
29 Kowé sambat kekurangan apa?
Yagéné kowé nglawan Aku?
30 Kowé wis Dakajar, éwasemono ora
ana kacèké. Kowé emoh Dakélingaké.
Nabi-nabimu kokpatèni kaya singa sing
lagi ngamuk.
31 Hé umat Israèl, rungokna
pangandika-Ku! Apa kanggoné
kowé kaya ara-ara samun, apa kaya
tanah peteng sing mbebayani? Yagéné
kowé kandha yèn arep urip nggugu
karepmu dhéwé, lan ora arep bali menèh
marang aku?
32 Prawan apa tau lali dandan,
pengantèn wadon apa tau lali
menganggo sandhanganè pengantèn?

Nanging umat-Ku wis lali marang Aku
nganti suwé banget.
33 Kowé ngerti lan pinter golèk pacar.
Sundel sing pinter pisan kalah karo
kowé.
34 Sandhanganmu wis glépot getihé
wong miskin lan wong sing ora salah,
dudu getihé wong ngrampog.
35 Éwasemono kowé muni, ‘Aku ora
salah! Dadi Gusti Allah ora bakal duka
karo aku.’ Nanging Aku, Pangéran, bakal
ngukum kowé, merga enggonmu sélak
gawé dosa.
36 Kowé wis nisthakaké awakmu
dhéwé srana enggonmu nyembah
brahala-brahalané bangsa liya. Kowé
bakal kecuwan karo wong Mesir, kaya
enggonmu kecuwan karo wong Asyur.
37 Kowé bakal ninggal wong Mesir kanthi
wirang. Aku, Pangéran wis nyirnakaké
sakèhé prekara sing kokegul-egulaké.[b]
Kowé bakal ora olèh apa-apa."

3 1 Pangandikané Pangéran, "Yèn ana
wong lanang megat bojoné, lan
bojoné mau wis lunga saka omahé kono,
banjur omah-omah karo wong lanang
liyané, wong lanang sing kapisan kuwi

---

[b]kokegul-egulaké: kokendelaké, kokegungaké.

ora kena mbalèni tilas bojoné sing wis
dipegat mau. Sebab sing mengkono
kuwi bakal gawé najisé satanah kabèh.
Nanging Israèl wis duwé bojo akèh,
mangka saiki arep balèn karo Aku!
2 Padha nyawanga pucaké punthuk-
punthuk. Apa ing kana ana panggonan
sing durung kokenggo nyundel? Kowé
padha ngadhang gendhakanmu ana ing
sapinggiring dalan-dalan, kaya carané
wong Arab ndhodhok ana ing ara-ara
samun. Srana enggonmu slèwèngan
mau kowé gawé kaluputan lan najisaké
tanah iki.
3 Kuwi sebabé ora ana udan deres lan
udan kiriman. Kowé wis padha karo
sundel sing ora duwé isin.
4 Saiki kowé matur marang Aku,
‘Paduka menika Bapa kawula, lan Paduka
ngasihi kawula wiwit kawula taksih laré.
5 Paduka mboten badhé lestantun duka,
lan mboten nglestantunaken paukuman
Paduka.’ Mengkono tembungmu, nanging
sanyatané kowé ngetog enggonmu gawé
piala."
6 Nalika Yosia jumeneng raja, Pangéran
ngandika marang aku mengkéné, "Apa
kowé wis weruh pokalé Israèl, wong

wadon murtad kuwi? Wong mau wis
ninggal Aku, lan saben ana punthuk
diunggahi, lan ing ngisoring saben wit
gedhé nglakoni nylèwèng.
7 Dakkira sawisé nglakoni sing
mengkono mau banjur arep mratobat
bali marang Aku. Jebul ora mengkono,
lan Yéhuda, seduluré wadon sing ora
setya, weruh kabèh.
8 Yéhuda ngerti yèn Israèl wis Dakpegat
merga ora setya marang Aku lan dadi
sundel.[c] Nanging Yéhuda, mbakyuné
Israèl sing ora setya mau, ora wedi.
Yéhuda iya dadi sundel,
9 lan ora duwé isin babar-pisan. Tanah
iki digawé najis merga saka enggoné
nyembah brahala lan nyembah sujud
marang watu-watu lan wit-witan.
10 Sawisé mengkono Yéhuda lan
Israèl, seduluré wadon sing ora setya,
éthok-éthok mratobat, mbalèni Aku.
Nanging pamratobaté ora temenan. Aku,
Pangéran, sing ngandika."
11 Pangéran banjur dhawuh karo aku
mengkéné, "Israèl sing murtad, ninggal
Aku, ketitik rada apik, ketimbang karo
Yéhuda, sing gorohé nemen.

---

[c]sundel: pelacur (bhs. Ind.).

12 Kowé menyanga tanah Israèl, munia
mengkéné, ‘Hé Israèl sing murtad, balia
marang Aku. Aku bakal melasi kowé lan
ora duka menèh. Selawasé kowé bakal
ora Dakdukani menèh.
13 Mung kowé ngakonana kaluputanmu,
enggonmu murtad marang Pangéran
Allahmu, enggonmu bola-bali nylèwèng
marani bédhangan-bédhanganmu,
yakuwi nyembah brahala ana sangisoring
angger wit sing gedhé, lan ora
ngèstokaké dhawuh-Ku.’" Mengkono
pangandikané Pangéran, Allah.
14 "Hé umat kang ora setya, balia. Kowé
kuwi umat-Ku. Saka saben kutha Aku
bakal njupuk wong siji, lan saka saben
taler wong loro; kuwi bakal Dakbalèkaké
menyang Gunung Sion.
15 Kowé bakal Dakparingi penggedhé-
penggedhé sing mbangun-turut marang
Aku. Wong-wong mau bakal ngerèh kowé
kanthi kawicaksanan lan pangertèn.
16 Menawa cacahé wong Israèl wis
dadi akèh ana ing tanahmu kono, Pethi
Prasetyané Allah bakal ora kocap menèh.
Wong-wong bakal padha lali, lan pancèn
wis ora mbutuhaké menèh. Uga bakal
ora dibalèkaké menèh.

17 Yèn kuwi wis kelakon, Yérusalèm
bakal kasebut: ‘Dhamparé Pangéran’,
lan bangsa-bangsa bakal padha
nglumpuk mrono ngabekti marang Aku.
Wong-wong bakal ora nggugu marang
swaraning atiné sing wangkal.
18 Israèl bebarengan karo Yéhuda
bakal teka saka tanah pembuwangan
ing Lor, lan bali menyang tanah sing
Dakparingaké marang para leluhuré,
dadi tanah pusakané turun-temurun."
19 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Israèl, Aku kersa nampa kowé dadi
putra-Ku lan Dakparingi tanah kang
éndah, tanah sing sajagad apik dhéwé.
Aku kepéngin koksebut Rama lan
kepéngin yèn kowé ora ninggal Aku
menèh.
20 Nanging kowé kuwi kaya rabi sing
ora setya, kaya mengkono enggonmu
ora setya marang Aku." Mengkono
pangandikané Allah.
21 Ana swara keprungu saka pucaké
punthuk-punthuk. Wong Israèl padha
nangis lan sesambat, merga wis padha
nglakoni dosa lan nyingkur marang
Pangéran, Allahé.

22 Padha mratobata, hé kabèh sing
padha nyingkur Pangéran. Panjenengané
bakal ngapura pamurtadmu lan
lakumu sing nasar. Kowé bakal padha
matur, "Inggih, kawula badhé sowan
dhateng ngarsanipun Pangéran, margi
Panjenenganipun menika Allah kawula.
23 Panyembah kawula dhateng
brahalanipun tiyang kapir ing punthuk-
punthuk mboten mikantukaken
menapa-menapa. Pitulunganipun Israèl
menika dhatengipun saking Pangéran,
Allah kawula.
24 Panyembah dhateng Baal, déwané
kanisthan, njalari kawula kécalan ménda
lan lembu pinten-pinten, anak jaler lan
èstri, malah sedaya gadhahan kawula,
tilaranipun para leluhur kawula, ingkang
dipun kempalaken saking sekedhik wiwit
jaman kina mila.
25 Sampun saukur kawula sami
nandhang wirang lan kanisthan. Kawula
lan para leluhur kawula namung tansah
damel dosa kémawon ing ngarsanipun
Pangéran, Allah kawula. Kawula mboten
naté sami mbangun-turut dhateng
dhawuh-dhawuhipun."

4 [1] Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Hé umat Israèl, menawa kowé arep
bali, balia mréné. Yèn kowé mbuwang
brahala-brahalamu sing Daksengiti kuwi
lan kowé setya marang Aku,
[2] padha janjia sing temenan demi
asmané Allah kang gesang. Nuli para
bangsa kabèh bakal padha nyuwun
supaya Dakberkahi lan bakal padha
memuji asma-Ku."
[3] Pangandikané Pangéran marang wong
Yéhuda lan wong Yérusalèm mengkéné,
"Lemahmu sing bera padha lukunen; aja
nyebar wiji ing tengahé erèn.
[4] Padha netepana prejanjianmu karo
Pangéran, Allahmu, lan uripmu pasrahna
marang Aku, hé kowé wong Yéhuda lan
Yérusalèm. Yèn ora, paukuman-Ku bakal
murub kaya geni, merga saka sakèhé
kaluputan sing wis koklakoni. Mangka
urubé bakal ora kena disirep, iya jalaran
saka penggawému sing ala."
[5] Ngunèkna slomprèt rata satanah
kabèh! Wartakna sing cetha lan sora!
Wong Yéhuda lan wong Yérusalèm
padha kandhanana supaya énggal padha
ngungsi menyang kutha-kutha sing ana
bètèngé.

6 Tuduhna dalan sing menyang Sion!
Padha mlayua supaya slamet! Aja
mandheg-mangu! Pangéran bakal
nekakaké paukuman lan karusakan
gedhé saka Lor.
7 Kaya singa sing metu saka grumbul
pandhelikané, kaya mengkono juru-
pangrusaké bangsa-bangsa wis budhal.
Tekané bakal numpes Yéhuda. Kutha-
kuthané Yéhuda bakal dadi gempuran,
lan ora ana sing bakal manggon ing kono
menèh.
8 Mulané padha nganggoa sandhangan
bagor, padha nangisa lan sesambata,
merga paukumané Pangéran kang
banter ora bakal mundur saka Yéhuda.
9 Pangandikané Pangéran, "Ing dina
kuwi raja-raja lan para penggedhé
bakal padha entèk atiné lan kélangan
kekendelané; para imam padha kagèt
lan trataban, sarta para nabi padha
gumun."
10 Aku banjur matur, "Dhuh Pangéran,
menapa Paduka mboten mbélani
dhateng umat ing Yérusalèm menika?
Paduka sampun ngandika, bilih badhé
ndhatengaken katentreman, mangka

samenika jebul pedhang ingkang
katèmpèlaken ing gorokanipun."
11 Bakal tekan wektuné wong Yérusalèm
padha dikabari, yèn bakal ketekan angin
panas saka punthuk-punthuké segara
wedhi. Dudu angin lumrah, sing kena
dienggo napèni, kanggo misahaké beras
lan mrambut.
12 Nanging angin kuwi bakal teka atas
dhawuhé Pangéran lan banter banget!
Gusti Allah piyambak sing dhawahaké
paukuman marang wong-wong mau.
13 Delengen, tekané mungsuh kuwi
presasat mendhung. Krétané perang
presasat lésus, jarané rikaté kaya manuk
garudha. Adhuh cilaka aku, kita padha
katumpes.
14 Hé Yérusalèm, piala sing ana
ing atimu kuwi kumbahen, supaya
kowé dislametaké. Nganti pira lawasé
enggonmu ngangen-angen arep gawé
piala?
15 Ana utusan-utusan padha teka saka
Dhan lan saka Éfraim ngabaraké bab
bakal tekané bebaya.
16 Tekané para utusan awèh weruh
marang para bangsa lan marang
Yérusalèm, yèn mungsuh pirang-pirang

teka saka negara adoh. Kanthi swara
sora mungsuh-mungsuh bakal padha
nantang kutha-kutha ing Yéhuda.
17 Yérusalèm bakal dikepung lan
ditunggoni, kaya caranè wong nunggu
pategalané, merga Yérusalèm wis
nglawan Pangéran, Allahé. Pangéran,
Allah, wis ngandika.
18 Yéhuda! Sing nekakaké kuwi kabèh
ora liya iya kowé dhéwé, merga patrapé
uripmu lan penggawému. Iya dosamu
sing marakaké kowé nandhang sangsara,
nganti natoni atimu.
19 Adhuh Israèl! Adhuh, dhadhaku
lara banget! Jantungku! Jantungku
dheg-dhegan kaya arep coplok-coploka!
Aku ora bisa meneng; aku krungu
swarané slomprèt, lan komandhoné
perang.
20 Karusakan siji disusul karusakan
liyané; nganti satanah wrata wis dadi
gempuran. Kémahku rusak dadakan,
gordhèn-gordhèné suwèk kabèh.
21 Nganti pira lawasé enggonku isih
bakal ndeleng pangamuké peprangan iki
lan krungu swaraning slomprèt?
22 Pangandikané Pangéran, "Umat-Ku
bodho banget; padha ora wanuh karo

Aku. Enggoné padha keblinger kaya
bocah sing ora ngerti apa-apa. Pinteré
mung gawé piala, nanging ora ngerti
gawé becik!"
23 Aku ndeleng bumi, bumi katon
cengkar lan bera! Aku ngawasaké langit,
ing langit ora ana pepadhang!
24 Aku ndelengaké gunung-gunung,
gunung-gunung padha horeg, lan
punthuk-punthuk padha gonjang-
ganjing.
25 Aku namataké, ing kono suwung, ora
ana wongé, senajan manuk-manuk pisan
wis padha mabur saka kono.
26 Lemah sing loh wis dadi cengkar;
kutha-kuthané wis dadi gempuran,
merga saka paukumané Allah mulad-
mulad.
27 (Gusti Allah wis ngandika, yèn bumi
bakal dadi ara-ara samun, nanging ora
bakal Daksirnakaké!)
28 Bumi bakal sedhih kaya wong sing
kepatèn, langit bakal dadi peteng. Allah
wis ngandika, lan penggalihé ora bakal
éwah. Panjenengané wis ndhawahaké
putusan, lan bakal ora dibatalaké.
29 Krungu gemuruhé bala jaranan lan
bala pemanah, wong-wong ing tanah

kono bakal padha ngungsi. Salong bakal
padha mlayu menyang alas, ana sing
mènèk munggah ing parang-parang.
Saben kutha bakal suwung, lan ora ana
wong sing gelem manggon ing kono.
30 Hé Yérusalèm, kowé wis ketiban
paukuman! Yagéné kowé nganggo mori
jingga? Yagéné kowé nganggo hiasan
mas-masan lan mripatmu kokcelak?
Enggonmu dandan kuwi ora ana gunané!
Kowé wis ditampik déning dhemenanmu,
malah kowé arep dipatèni.
31 Aku krungu panjerit, kaya swarané
wong wadon sing lagi nglarani, arep
nglairaké anaké sepisanan. Kuwi
panjerité Yérusalèm sing megap-megap
ambekané. Ngegaraké tanganė karo
muni, "Aku ketekan paukuman! Wong
sing arep matèni aku wis padha teka!"
5 1 Hé wong ing Yérusalèm, padha
mlayua ing dalan-dalan! Tamatna!
Delengen dhéwé! Menyanga pasar-
pasar! Apa kowé kepethuk wong sing
temen lakuné, sing ngarah supaya uripé
setya marang Allah? Yèn kowé bisa
nemokaké wong sing mengkono, Allah
bakal ngapura dosané Yérusalèm.

2 Senajan kowé ngaku yèn ngabekti
marang Allah, lakumu ora cocog karo
tembungmu.
3 Gusti Allah madosi kasetyan. Senajan
kowé wis digebagi, nanging ora
kokpaèlu; kowé wis ditindhes, nanging
ora ngerti karepé. Atimu wangkal, ora
gelem mratobat medhot dosa-dosamu.
4 Aku mikir, "Bisa uga merga wong-
wong iki mung wong cilik sing bodho,
mulané uripé tanpa aturan lan ora ngerti
marang dhawuhé Allah, ora ngerti apa
sing dikersakaké, lan sing kudu padha
dilakoni.
5 Daknemoni para penggedhé, dakjaké
rembugan. Wong-wong kuwi mesthi
padha ngerti apa sing didhawuhaké
déning Allah, sing kudu padha dilakoni."
Jebulé wong kabèh mau padha nampik
ngakoni wewenangé Allah lan ora gelem
mbangun-turut marang Panjenengané.
6 Ya kuwi sebabé wong-wong mau
bakal padha dipatèni déning singa-singa
saka alas; lan dagingé disempal-sempal
déning asu ajag saka ara-ara samun,
sarta dimangsa déning macan tutul
sing saba mlebu ing kutha-kuthané,
samasa metu saka omahé, wong-wong

mau bakal disempal-sempal. Merga
dosané sing tumpuk-undhung, mangka
saben-saben padha murtad ninggal
Allahé.
7 Pendanguné Pangéran mengkéné,
"Apa gunané Aku ngapura dosané
umat-Ku? Anak-anakmu rak wis padha
ninggal Aku, lan padha nyembah brahala
sing ora ana paédahé? Umat-Ku wis
Dakparingi mangan nganti wareg,
éwasemono banjur padha nyembah
brahala lan ngentèkaké wektuné kanggo
nyundel.
8 Wis kaya jaran lanang sing gedhé
birainé, kepéngin ngawini jodhoning
jaran liya.
9 Apa pokal sing kaya mengkono kuwi
ora Dakukum, apa penggawéné bangsa
iki ora mesthi Dakwales?
10 Aku bakal nekakaké mungsuh-
mungsuhé, ngrusak kebon anggguré,
nanging ora nganti tapis. Pang-pangé
wit anggur Dakdhawuhi nyempali, merga
pang-pang mau dudu kagungan-Ku.
11 Wong Israèl lan wong Yéhuda banget
enggoné padha goroh marang Aku. Aku,
Pangéran kang ngandika!"

12 Umaté Allah wis nyélaki
Panjenenganė lan padha muni,
"Panjenengané dudu Allah" lan menèh,
"Kita bakal ora nandhang kasusahan
apa-apa; bakal ora ana perang lan
paceklik."
13 Kandhané menèh, "Nabi-nabi kuwi
rak mung ngayawara. Ora padha
medharaké pangandikané Allah. Karebèn
paukuman mau nekanana wong kuwi
dhéwé." Pangéran Allah ngandika
marang aku, "Yérémia, sarèhné wong-
wong mau padha kandha mengkono,
pangandika-Ku bakal Dakdadèkaké
kaya geni sing metu saka lambému.
Wong-wong mau bakal kaya kayu garing,
sing entèk kobong kabèh."
14 (5:13)
15 Hé wong Israèl, Allah bakal nekakaké
bangsa saka adoh nglurugi kowé. Bangsa
mau ampuh lan wis ana wiwit jaman
kuna mula, bangsa sing kowé ora ngerti
basané.
16 Bala pemanahané kuwi tentara sing
peng-pengan, sing matèni tanpa welas.
17 Kuwi bakal nguntal panènmu lan
panganmu; matèni anakmu lanang
lan wadon. Bakal nyembelèh wedhus

lan sapimu, sarta ngrusak anggurmu
lan witmu ara. Kutha-kuthamu sing
disentosani nganggo bètèng lan
kokendel-endelaké bakal digempur
kabèh.
18 Pangandikané Pangéran,
"Éwasemono ing dina kuwi Aku
ora arep ngremuk umat-Ku nganti tapis.
19 Yérémia, yèn ana wong takon,
apa sebabé Aku tumindak mengkono,
wangsulana, ‘Sarèhné wong Israèl wis
ninggal Aku lan nyembah allah liyané
nalika isih manggon ana ing tanahé
dhéwé, mulané saiki bakal dadi baturé
wong manca ana ing negara liya.’"
20 Pangandikané Pangéran, "Anak-
turuné Yakub kandhanana, wong-wong
Yéhuda wènèhana weruh,
21 ‘Rungokna, hé wong bodho lan tanpa
budi. Kowé duwé mripat nanging ora
ndeleng, kowé duwé kuping nanging ora
ngrungu.
22 Aku iki Pangéran; yagéné kowé
ora wedi karo Aku? Yagéné kowé
ora gemeter ing ngarsa-Ku. Wedhi
Dakdadèkaké watesé segara, wates sing
ora kena dilangkahi. Senajan ombaké

molak-malik, lan jumegur iya ora bisa
ngliwati wates mau.’
23 Nanging kowé kuwi bangsa sing atiné
wangkal lan mbangkang. Kowé nylèwèng
lan ninggal Aku.
24 Kowé ora tau mosik ing sajroning
atimu, ‘Dakngabekti marang Allah!’
Senajan Aku nekakaké udan, iya udan
awal, iya udan akir miturut wektuné,
sarta saben taun nekakaké panèn.
25 Nanging dosa-dosamu gawé wurungé
barang-barang becik mau lan pialamu
ngedohaké kabegjan saka ing kowé.
26 Ing antarané umat-Ku ana sing ala
atiné, sing arep njiret wong caranè kaya
wong sing masang jaring arep njaring
manuk.
27 Wong mau kurunganè dikebaki
manuk, iya mengkono enggoné
ngebaki omahé nganggo barang-barang
rampasan. Mulané padha sugih-sugih lan
gedhé wibawané,
28 sarta awaké lemu ginuk-ginuk.
Pialané ngluwih-ngluwihi. Bocah lola ora
diwènèhi apa sing dadi haké, lan wong
mlarat ora dilayani kanthi adil.
29 Nanging Aku, Pangéran, bakal
ngukum penggawéné wong-wong mau,

bakal Dakwales sakèhé pialané bangsa
iki.
30 Apa sing wis kelakon ana ing tanah
kéné kuwi nisthané katog:
31 Nabi-nabiné padha mulangaké
goroh. Para imam padha tundhuk karo
préntahé nabi-nabi. Mangka umat-Ku
padha seneng waé karo kaanan sing
kaya mengkono. Nanging yèn kuwi mau
kabèh wis katog banjur apa sing bakal
ditindakaké?"

6 1 Hé wong Bènyamin, padha mlayua
metu golèk pangungsèn! Oncata
saka Yérusalèm! Slomprèt ing Tekoa
unèkna. Gawéa pretandha geni ing
Bèt-Kerem. Sebab saka Lor bakal teka
bebaya lan pangrusak.
2 Kutha Sion kuwi éndah, nanging bakal
karusak.
3 Ing panggonan kono para raja
bakal padha nancepaké kémah kanggo
pengasoané wadyabalané. Kémah-
kémahé bakal ditancepaké ngepung
kutha Sion, saben wong milih panggonan
sing disenengi.
4 Wong-wong mau bakal muni, "Ayo
padha tata-tata nyerbu Yérusalèm!
Saben wong kudu siaga! Kita bakal

nyerbu ing wayah awan! Nanging saiki
wis kasèp. Saiki wis soré. Sedhéla
menèh bakal peteng.
5 Beciké kita nyerbu mengko bengi waé;
bètèngé kutha kita gempur dhisik."
6 Pangéran dhawuh marang para raja
mau supaya negori wit-witan lan ngurug
lemah ing sakubengé témbok-témboké
Yérusalèm. Pangandikané Pangéran,
"Aku bakal ngukum kutha iki merga saka
akèhé panindhes kang kelakon ana ing
kono.
7 Kaya déné etuk ngetokaké banyu,
kaya mengkono Yérusalèm enggoné
bakal nindakaké piala. Aku krungu
swaraning pangrodha-peksa[d] lan
karusakan ana ing kutha kono, sing
Dakpirsani mung wong lara lan wong
kang padha ketaton thok.
8 Hé wong ing Yérusalèm, kasusahan
iki dadia pepéling marang kowé. Yèn
ora, kowé bakal Daktégakaké. Kuthamu
bakal Dakwalik dadi ara-ara samun, lan
dadi tanah sing suwung."
9 Pangéran Allah Kang Mahakwasa
ngandika marang aku mengkéné, "Israèl
bakal diprithili kaya kebon anggur

---

[d]ngrodha-peksa: memperkosa (bhs. Ind.).

sing diasag wohé sawisé diundhuh.
Mulané tulungana saben wong sing bisa
kokslametaké mumpung isih ana wektu."
10 Atur wangsulanku, "Sinten ingkang
purun mirengaken menawi kawula
pituturi utawi kawula émutaken?
Margi manahipun wangkal lan nampik
pangandika Paduka. Kawula namung
badhé dipun gegujeng, menawi
nyariyosaken menapa ingkang Paduka
ngandikakaken dhateng kawula wau.
11 Paukuman Paduka dhateng tiyang-
tiyang damel bentèring manah kawula,
Gusti. Lan kawula mboten saged
ngampet malih!" Pangéran banjur
ngandika marang aku, "Paukuman-Ku
esokna marang bocah-bocah sing ana
ing dalan-dalan, suntaken ana ing
satengahé para nonoman. Bapa lan
biyung bakal padha ditawan, semono
uga kaki-kaki lan nini-nini.
12 Omahé bakal dienggoni déning
wong liya, mengkono uga palemahané;
bojo-bojoné padha digawa. Wong
satanah kéné bakal Dakukum kabèh.
13 Saben wong, gedhé-cilik padha
ngarah bathi srana goroh. Malah tekan

para nabi lan para imam padha ngapusi
rakyat.
14 Pangucapé marang umat-Ku, kaya
mung weruh tatu mlècèt sethithik,
mula pangucapé, ‘Ora apa-apa’, senajan
satemené tatu mau gawat.
15 Apa padha duwé rasa isin nindakaké
sing mengkono mau? Ora! Babar-pisan
ora padha isin. Rainé mbrabak waé
ora. Mulané bakal padha tiba, bareng
karo wong-wong liyané. Aku bakal
rawuh lan ngukum wong-wong kuwi.
Lah mengkono bakal pungkasané
wong-wong mau. Aku Pangéran wis
ngandika!"
16 Pangandikané Pangéran marang
umaté, "Ngadega ana ing prapatan lan
ngawasna. Takokna dalan sing lawas
dhéwé, lan takona dalan sing becik
dhéwé, kuwi ambahen, supaya uripmu
dadi tentrem." Nanging wong-wong mau
padha mangsuli, "Mboten! Kula mboten
badhé ngambah mergi menika."
17 Pangandikané Pangéran menèh, "Aku
wis ngangkat wong jaga, sing bakal
ngandhani kowé supaya nitèni uniné
tengara slomprèt." Nanging wong-wong

mau padha mangsuli, "Kula mboten
purun mirengaken."
18 Pangéran nuli ngandika menèh,
"Rungokna, hé sakèhé bangsa-bangsa.
Titènana apa sing bakal dialami déning
umat-Ku.
19 Hé bumi, ngrungokna! Aku bakal
nekakaké paukuman marang bangsa iki,
yakuwi ngundhuh rancanganė dhéwé.
Merga padha ora nitèni pangandika-Ku,
lan dhawuh-dhawuh-Ku padha ditampik.
20 Lah apa gunané Aku kasaosan
menyan saka Syéba utawa wewangèn
sing asalé saka tanah adoh? Sesaosané
bakal Daktampik lan kurban-kurbané ora
ndadèkaké renaning penggalih-Ku.
21 Mulané bangsa mau bakal Dakgawé
kesandhung lan tiba. Para bapak lan
anak-anaké bakal mati, mengkono uga
mitra-mitra lan para tangganė bakal
padha tiwas."
22 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Bangsa saka tanah Lor bakal teka.
Bangsa gedhé saka panggonan sing
adoh asalé bakal nglurug perang.
23 Padha nggawa panah lan pedhang,
ambek nganiaya lan ora duwé welas.
Samasa teka padha nunggang jaran

swarané jumegur kaya samodra.
Kabèh wis siaga arep nempuh kutha
Yérusalèm."
24 Aku padha krungu opyaké, mula
tanganku padha jimpé, atiku ajur, perih
rasané, kaya wong wadon sing lagi
nglarani.
25 Kita padha ora wani metu menyang
pategalan utawa mlaku ana ing dalan-
dalan, merga mungsuh padha nggawa
gegaman lan ana ing ngendi-endi ana
pagiris.
26 Pangandikané Pangéran marang
umaté, "Padha nganggoa bagor lan
nglésoda ana ing awu. Padha sesambata
kaya wong sing kepatèn anaké lanang
ontang-anting, merga mungsuh sing
arep numpes kowé wis cedhak.
27 Yérémia, umat-Ku lèlèren, kaya
patrapé wong sing ngluluh wesi,
delengen kepriyé sanyatané.
28 Umat kuwi atiné wangkal lan seneng
nglawan. Atosé atiné presasat prunggu
lan wesi. Kabèh padha kebak piala.
29 Pawoné murub sakatogé, nanging
wesiné ora lèlèh. Tanpa guna nglèlèr
umat-Ku, merga wong sing ala ora kena
dipisah.

30 Mulané umat-Ku bakal karan ‘Barang
tampikan’, merga wong-wong mau
wis padha Daktampik." Mengkono
pangandikané Pangéran.

7 1 Aku didhawuhi Pangéran ngadeg
ana ing gapuranė Pedalemané Allah,
sing kanggo liwat wong Yéhuda, enggoné
arep padha ngibadah. Aku didhawuhi
ngumumaké apa sing bakal ditindakaké
déning Pangéran Allahé Israèl Kang
Mahakwasa. Pangandikané Pangéran,
"Nindakna kabecikan, mesthi kowé
Daklestarèkaké manggon ing tanah
kéné.
2 (7:1)
3 (7:1)
4 Aja ngandel marang tembung
apus-apus, sing muni, ‘Kita aman ana
ing kéné. Iki Pedalemané Allah, iki
Pedalemané Allah, iki Pedalemané Allah!’
5 Menawa kelakuan lan penggawému
becik, yèn kowé tumindak adil siji karo
sijiné.
6 Menawa kowé ora nyia-nyia marang
wong manca, bocah lola lan randha,
sarta ora ngwutahaké getihé wong resik
ana ing panggonan kéné, apa déné

ora manut marang allah liyané, kang
ndadèkaké bilaimu dhéwé.
7 Kowé mesthi bakal Daklestarèkaké
manggon ana ing tanah kéné, tanah sing
wis Dakparingaké marang leluhurmu
dadi tanah pusakané."
8 "Nanging kowé padha ngandel marang
tembung goroh.
9 Kowé padha nyolong, mematèni,
nyembah brahala, wani sumpah palsu,
awèh sesajèn marang Baal, sarta
nyembah allah-allah sing ora kokkenal
sadurungé.
10 Kowé wis padha nglakoni prekara-
prekara sing Daksengiti, banjur
kowé sowan ing ngarsa-Ku, ana ing
Pedaleman-Ku karo muni, ‘Ing kéné kita
aman!’
11 Apa kokkira Pedaleman-Ku iki
pandhelikané bégal? Aku pirsa sakèhé
penggawému.
12 Lungaa menyang Silo, panggonan
sing Dakpilih kanggo manembah marang
Aku. Delengen apa kang Daktindakaké
bab panggonan kuwi, merga saka
dosané umat Israèl.
13 Kowé wis padha nglakoni dosa-dosa
sing kaya mengkono uga. Senajan kowé

wis bola-bali Dakélikaké, éwasemono
kowé padha ora gelem ngrungokaké.
Kowé wis Daktimbali nanging ora
mangsuli.
14 Mulané apa sing Daktindakaké
marang Silo, uga bakal Daktindakaké
marang Pedaleman iki, sing kokendel-
endelaké. Ya ing panggonan, sing wis
Dakparingaké marang para leluhurmu
iki, Aku bakal nindakaké apa sing wis
Daktindakaké ana ing Silo.
15 Kowé bakal Daktundhung saka
ngarsa-Ku, padha kaya enggon-Ku
mbéngkas sakèhé para sedulurmu, wong
Israèl. Aku, Pangéran, wis ngandika."
16 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Yérémia, bangsa iki aja kokdongakaké.
Aja koktangisi lan aja koksuwunaké apa-
apa. Aja koksuwunaké welas marang
Aku, merga panyuwunmu mesthi ora
Dakpiyarsakaké.
17 Apa kowé ora weruh apa sing padha
dilakoni ana ing kutha-kuthané Yéhuda,
lan ing dalan-dalan ing kutha Yérusalèm?
18 Bocah-bocah padha nglumpukaké
kayu. Wong lanang-lanang padha gawé
geni gedhé, wong wadon-wadon padha
ngulet jladrèn, padha dienggo gawé

emplèk-emplèk sesajèn kanggo déwa
wadon sing diarani Pramèswarining
Langit. Kejaba kuwi uga awèh sesajèn
anggur marang allah liya-liyané, mula
padha gawé gerahing penggalih-Ku.
19 Nanging satemené apa Aku sing
padha ditatoni? Ora, dhèwèké padha
natoni awaké dhéwé.
20 Mulané Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa, bakal ngesokaké
paukuman-Ku marang Pedalemané
Allah iki. Dakesokaké marang manungsa
lan kéwan, malah marang wit-witan lan
tanduran sing ana ing sawah-sawah.
Paukuman-Ku bakal kaya geni sing ora
kena disirep.
21 Hé umat-Ku, ana kurban sing
kokobong nganti entèk ana ing mesbèh,
nanging ana sapérangan sing olèh
kokpangan. Kanggoné Aku, kurban mau
kena kokpangan kabèh.
22 Sing Dakdhawuhaké marang
leluhurmu nalika Dakentasaké saka
tanah Mesir kuwi dudu bab kurban
obongan utawa kurban sembelèhan.
23 Nanging bab mbangun-turut marang
Aku, kuwi sing Dakdhawuhaké, nuli Aku
bakal dadi Allahé, lan wong-wong mau

dadi umat-Ku, sing mlaku ngambah
dalan sing Daktuduhaké, mula bakal
padha nemu kabegjan.
24 Nanging wong-wong mau padha
ora mbangun-turut utawa nggatèkaké,
malah padha wangkal atiné lan nggugu
karepé dhéwé, nganti kaananané saya
tambah rekasa.
25 Wiwit wektuné para leluhurmu padha
luwar, metu saka tanah Mesir tekan
sepréné, Aku ora kendhat-kendhat
ngutus abdi-Ku para nabi nekani kowé.
26 Nanging ora ana sing digatèkaké.
Malah atimu saya wangkal lan
pembangkangmu ngungkuli para
leluhurmu.
27 Dadi Yérémia, pangandika
kuwi kandhakna marang umat-Ku.
Éwasemono bakal ora padha gelem
ngrungokaké. Senajan kokundang karo
bengok-bengok, éwasemono bakal ora
padha semaur.
28 Senajan kokpitututuri supaya bangsa
iki mbangun-turut marang Aku,
Pangéran Allahé, utawa kokkandhani
manut piwulang lan paukuman sing wis
didhawahaké, wong-wong bakal ora
ngrèwès. Kasetyan marang prejanjian-

Ku wis sirna, malah digunem waé wis
ora."
29 "Hé para wong ing Yérusalèm,
rambutmu padha cukuren lan buwangen.
Padha ngidungna kidungé wong sing
lagi kepatèn. Ngidunga ana ing pucaké
punthuk-punthuk. Merga Aku, Pangéran
lagi duka, lan umat-Ku wis Daktampik.
30 Wong-wong Yéhuda wis padha
nglakoni piala. Wong-wong mau padha
mrenahaké reca-recaning brahalané
ana ing Pasucèn-Ku, lan padha najisaké
Pedaleman-Ku.
31 Ana ing Lebak Ben-Hinom padha
gawé mesbèh, sing padha disebut Tofèt,
kanggo ngurbanaké anak-anaké lanang
lan wadon kaobong ing geni. Aku ora tau
ndhawuhaké sing mengkono, lan ya ora
tau ana penggalih sing mengkono.
32 Mulané bakal ana wektuné,
panggonan kono ora kasebut Tofèt
utawa Lebak Ben-Hinom, nanging
Lebak Panyembelèhan. Panggonan mau
bakal kagawé kuburan, sebab ora ana
panggonan liyané sing kena dienggo
ngubur.

33 Jisimé bangsa iki bakal dadi pakané
manuk lan kéwan galak, lan ora ana sing
nggusahi.
34 Tanahé bangsa iki bakal dadi ara-ara
samun. Ing kutha-kuthané Yéhuda lan
ing dalan-dalané Yérusalèm bakal ora
ana swaraning kabungahan. Lan bakal
ora ana giyak-giyaké wong sing jagong
ing pésta mantèn, sebab tanah iki bakal
Dakdadèkaké gempuran.

8 1 Ing wektu kuwi balungé para
raja ing Yéhuda, lan balungé para
penggedhé, sarta balungé para imam lan
para nabi, apa déné balungé para wong
isiné Yérusalèm, bakal padha diwetokaké
saka kubur-kuburé.
2 Padha dielèr ing cedhaké srengéngé,
rembulan sarta lintang-lintang, sing
ditresnani, dianut, disembah, lan dijaluki
pitulungan sarta disujudi déning bangsa
iki.
3 Kekarèné bangsa ala iki sing Daksebar
ing endi-endi, bakal pilih mati ketimbang
karo urip. Aku, Pangéran Allah Kang
Mahakwasa wis ngandika."
4 Aku didhawuhi Pangéran kandha
mengkéné marang umaté, "Wong upama
tiba apa ora tumuli ngadeg menèh? Yèn

wong lakuné kesasar, apa ora mbalik
menèh.
5 Nanging yagéné umat-Ku sing ninggal
Aku ora tau bali menèh? Kowé padha
gondhèlan kenceng karo brahala-
brahalamu, tanpa gelem mratobat, bali
marang Aku menèh.
6 Aku nilingaké supaya mireng, nanging
ora tau mireng wong sing caturan kanthi
jujur. Ora ana siji waé ing antaramu sing
nggetuni penggawéné sing ala. Ora ana
siji waé sing takon, 'Kaluputanku apa?'
Saben wong padha nerusaké pialané
dhéwé-dhéwé, kaya jaran mbedhal
menyang peprangan.
7 Manuk bango ngerti bali yèn wis
tekan mangsané, semono uga manuk
dara, manuk kedhali[e] sarta kuntul
ngerti mangsané ngalih panggonan.
Nanging umat-Ku ora ngerti tatanan
pepréntahan-Ku.
8 Kokbisa-bisamu kandha yèn kowé
kuwi wicaksana lan ngerti marang
dhawuh-dhawuh-Ku? Ngertia yèn
dhawuh-dhawuh-Ku wis diowahi déning
para ahli Torèt.

---

[e]kedhali: peksi sriti.

9 Para wasis mau bakal padha
kwirangan, bingung dhéwé lan
kewelèh. Satemené wis padha nampik
pangandika-Ku, banjur isih kadunungan
kawicaksanan apa?
10 Mulané tanah garapané bakal
Dakpasrahaké wong liya, lan bojoné
Dakparingaké marang wong liya. Saben
wong, gedhé cilik, kabèh padha ngarah
bathi srana goroh. Dalah nabi-nabi lan
para imam pisan padha tegel ngakali
rakyat.
11 Padha arep nambahi tatuné bangsa-
Ku, nanging anggepé tatuné mau ora
sepiraa. Tembungé, ‘Wis apik kabèh’,
mangka satemené kabèh ora ana sing
becik.
12 Hé umat-Ku, apa kowé ora isin
nglakoni kanisthan sing semono
gedhéné? Jebul kowé ora rumangsa
kwirangan. Kowé ora idhep isin. Mulané
kowé bakal rubuh kaya wong liya-liyané.
Lan kuwi bakal kelakon samasa Aku
nekakaké paukuman-Ku marang kowé.
Aku, Pangéran wis ngandika.
13 Umat-Ku bakal Dakundhuh, kaya
carané wong ngundhuh panènané.
Nanging ibaraté wit anggur, ora ana

wohé anggur; ibaraté wit anjir, wohé
anjir ora ana. Malah godhongé waé wis
padha alum. Mulané tanah garapan mau
bakal Dakpasrahaké marang wong liya."
14 Umaté Allah banjur padha rerasanan
mengkéné, "Yagéné kita padha thenguk-
thenguk waé? Ayo padha nglumpuk,
mlebu kutha-kutha sing ana bètèngé,
lan mati ana ing kana. Kita wis ditibani
ukuman pati déning Allah kita. Kita
diparingi ngombé wisa, merga kita
wis padha nglakoni dosa marang
Panjenengané.
15 Kita ngarep-arep tekané katentreman
lan kabegjan, jebul sing teka mung
pagiris.
16 Mungsuh-mungsuh kita wis padha
tekan kutha Dhan; kita wis padha krungu
mbengingèhé jaran-jarané. Satanah
kabèh padha gemeter krungu swarané
bala jaranan saya cedhak. Tekané
mungsuh mau bakal ngrusak tanah kita
dalah saisiné kabèh, kutha-kutha lan
sakèhé wong sing manggon ana ing
kono."
17 "Diawas, sebab Aku bakal nekakaké
ula ing antaramu, ula sing mandi, sing

ora kena dijapani, bakal padha nyokot
kowé."
18 Sedhihku ora kena dilipur, atiku
prihatin banget.
19 Rungokna panangisé bangsaku;
sanegara padha nangis kabèh,
tembungé, "Apa Pangéran wis ora ana
ing Sion? Apa Ratuning Sion wis ora
dhedhampar ana ing kana menèh?"
Pangéran, Ratuné paring wangsulan,
"Yagéné kowé gawé duka-Ku srana
enggonmu nyembah marang brahala,
lan srana enggonmu sujud marang
brahala-brahala ngamanca sing ora bisa
apa-apa?"
20 Umat mau banjur padha kandha,
"Mangsané panas wis kliwat, panèné wis
rampung, nanging kita meksa durung
kapitulungan slamet."
21 Atiku remuk, merga bangsaku
diremuk; aku sedhih kaya wong sing
kepatèn, atiku semplah babar-pisan.
22 Apa ing Giléad ora ana tamba? Apa
ing kana ora ana dokter? Apa sebabé
déné bangsaku larané ora mari-mari?

9 1 Mbok sirahku dadia etuk sing
ngetokaké banyu, lan mripatku dadia

pancuraning eluh, supaya aku rina wengi
bisa nangisi umatku sing padha dipatèni.
2 Upama aku manggon ing ara-ara
samun, aku bakal bisa lunga ninggal
bangsaku, merga bangsaku padha
nylèwèng kabèh, klebu golongané wong
sing kianat.
3 Ilaté gampang ngucapaké tembung
goroh; dudu keadilan lan kabeneran,
nanging goroh sing ngerèh ing tanah
kono. Pangandikané Pangéran, "Umat-Ku
kelantur-lantur nindakaké piala, lan ora
ngakoni yèn Aku iki Allahé."
4 Saben wong jumaga ing ngatasé
mitrané, lan ora ana wong ngandel karo
seduluré dhéwé; sebab sedulur-seduluré
tukang mukir kaya Yakub, lan saben
wong mitenah mitrané dhéwé.
5 Wong kabèh padha ngapusi kancané,
ora ana sing kandha sanyatané. Ilaté
wis dikulinakaké ngucap goroh, lan
ora ana sing marèni dosané. Tindak
kekerasan siji nusul sijiné, laku goroh siji
disusul liyané. Pangéran ngandika yèn
Panjenengané ditampik déning umaté.
6 (9:5)
7 Iya merga sing mengkono mau
Pangéran Kang Mahakwasa ngandika,

"Umat-Ku bakal Daklebur kaya slaka,
Daklèlèr supaya murni. Umat-Ku wis
nglakoni piala, ora liya kudu Daklebur
lan Daklèlèr.
8 Ilaté padha karo panah sing dicencem[f]
ing wisa; selawasé mung ngucapaké
goroh thok. Saben wong omongé manis
karo pepadhané, nanging sanyatané
masang kala-jiret.
9 Apa penggawé sing mengkono
kuwi Daktogaké waé, apa piala sing
mengkono mau ora wajib diwales? Aku,
Pangéran, wis ngandika!"
10 Aturku, "Kawula badhé nangisi
redi-redi lan tanah-tanah pangènan,
margi sami garing, mangka mboten
wonten tiyang ingkang langkung ing
ngriku. Swantening lembu lan ménda
mboten kepireng malih, peksi lan kéwan
galak inggih sampun sami késah saking
ngriku."
11 Pangandikané Pangéran, "Yérusalèm
bakal Dakgawé jugrugan, sing dienggoni
asu ajag. Kutha-kuthané Yéhuda bakal
Dakdadèkaké gempuran, sing ora kena
dienggoni."

---

[f]dicencem: dipun kum, dipun rendhem.

12 Aku banjur matur, "Dhuh Pangéran,
kénging menapa tanah menika dados
risak, garing lan suwung kados ara-ara
samun, ngantos mboten wonten tiyang
ingkang langkung ing ngriku? Menapa
wonten tiyang wasis ingkang mangertos
maksudipun menika sedaya? Sinten
ingkang Paduka blakani ngantos saged
nerangaken dhateng tiyang sanès?"
13 Pangandikané Pangéran, "Kuwi kabèh
tekané merga umat-Ku wis ninggal
piwulang sing wis Dakparingaké, padha
ora dièstokaké, lan padha ora nglakoni
apa sing dadi dhawuh-Ku.
14 Malah padha mangkotaké atiné, sarta
nyembah sujud marang reca-recané
Baal, manut piwulangé para leluhuré.
15 Mulané, saiki rungokna pangandika-
Ku, Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé
Israèl, lan apa sing bakal Daktindakaké:
Umat-Ku bakal Dakwènèhi pangan
butrawali[g] lan Dakombèni banyu
rempelu.
16 Bakal Daksebar ana ing antarané
bangsa-bangsa sing ora padha
dingertèni, utawa disumurupi déning
para leluhuré. Kejaba kuwi Aku bakal

---

[g]butrawali: bratawali.

ngirim tentara sing merangi, nganti
umat-Ku tumpes kabèh."
17 Pangéran, Allah Kang Mahakwasa
ngandika, "Nitènana apa sing saiki
kelakon! Nekakna para wong wadon sing
padha nangis yèn ana wong kepatèn.
Wong-wong mau konen nglagokaké
kidung panguburan."
18 Pangucapé wong-wong ing
Yérusalèm, "Para wong nangis kuwi
énggal tekakna, bèn nglagokaké kidung
panguburan kanggo kita, nganti mripat
kita nètèsaké luh lan tlapukané nrocos
saka deresé luh sing metu."
19 Rungokna swaraning wong padha
sesambat ing Sion, "Aku wis padha
katumpes, aku padha kwirangan banget!
Aku kudu padha ninggal tanahku;
omahku padha dirubuhaké."
20 Aku mangsuli, "Hé para wong
wadon! Padha rungokna pangandikané
Pangéran. Anak-anakmu wadon
warahana nyanyi kidung pesambat, lan
para mitramu warahana nglagokaké
kidungé wong kepatèn.
21 Adhuh, pati wis mlebu ing omah kita
metu ing jendhéla, malah wis mlebu ana
ing kedhaton. Anak kita padha dipatèni

ana ing dalan-dalan, lan nonoman kita
dipatèni ana ing pasar-pasar.
22 Ing ngendi-endi ana jisim pating
gléthak, kaya tumpukan kotoran kéwan
ing pategalan, kaya gandum sing dierit
lan ditinggal mengkono waé déning sing
ngenèni, tanpa ana sing nglumpukaké.
Iki kabèh didhawuhaké déning Pangéran
marang aku, sing kudu dakwartakaké."
23 Pangandikané Pangéran, "Wong wasis
aja ngumukaké kawicaksanané, lan
wong rosa aja gemunggung ngumukaké
karosané, utawa wong sugih aja
ngendelaké kasugihané.
24 Yèn ana wong sing arep umuk, umuka
enggoné duwé sesurupan ing ngatasé
Aku lan ngerti marang kersa-Ku, merga
sih-kadarmané tetep ing selawasé, lan
Aku nindakaké kabeneran lan keadilan
ana ing bumi. Prekara-prekara sing
mengkono kuwi sing ndadèkaké renaning
penggalih-Ku." Mengkono pangandikané
Pangéran.
25 Pangéran ngandika mengkéné,
"Bakal tekan wektuné Aku ngukum
bangsa Mesir, Yéhuda, Édom, Moab
lan wong-wong sing manggon ana ing
ara-ara samun, sing padha ngethok

rambuté. Bangsa-bangsa mau padha
tetak, nanging ora netepi prejanjian
sing ditandhani nganggo tetak mau.
Bangsa-bangsa iki padha kaya bangsa
Israèl, ora padha netepi prejanjian-Ku."
26 (9:25)

10 1 Hé umat Israèl, rungokna
pangandikané Allah marang kowé
mengkéné,
2 "Aja nurut dalané bangsa-bangsa liya;
aja padha kagèt déning rerupan sing
katon ing langit, senajan bangsa-bangsa
liya padha giris.
3 Kaprecayané bangsa-bangsa mau
ora teges, ora ana ajiné. Cethané
mengkéné: Wong negor wit ana ing
alas, kayuné banjur diukir-ukir nganggo
piranti déning kriya.[h]
4 Nuli direngga nganggo slaka lan
emas. Sawisé mengkono dipaku ana ing
panggonané, supaya ora tiba.
5 Reca-reca sing mengkono kuwi
rak ora béda karo wewedèn manuk
sing dipasang ana ing pategalan, sing
padha ora bisa caturan. Kudu padha
digéndhong mrana-mréné merga ora
padha bisa mlaku dhéwé. Aja padha wedi

---
[h]kriya: tukang emas (kemasan).

karo brahala-brahala mau, sebab ora
padha bisa ngganggu-gawé manungsa,
ora bisa gawé becik utawa ala marang
kowé."
6 Dhuh Allah, mboten wonten ingkang
nyamèni Paduka; Paduka menika
mahakwasa. Paduka menika mahaluhur
saha mahasekti.
7 Sinten ingkang mboten badhé
ngluhuraken asma Paduka. Ratuning
para bangsa? Paduka pantes kacaosan
kaurmatan. Mboten wonten ingkang
kados Paduka, ing antawisipun para
manungsa ingkang wicaksana, utawi
antawisipun para raja.
8 Tiyang-tiyang sedaya wau gemblung
lan tanpa budi, saged angsal piwulang
menapa, saking reca kajeng?
9 Reca-reca wau kalapis mawi slaka
saking Spanyol, mawi emas saking Ufas,
asiling pedamelanipun kriya. Sami dipun
enggèni sandhangan bludru wungu,
asil tenunanipun tukang tenun ingkang
trampil.
10 Nanging Paduka, dhuh Allah, menika
saèstu Allah. Paduka menika Allah
ingkang gesang, Ratu ingkang langgeng.
Menawi Paduka duka, jagad gemeter,

para bangsa mboten kiyat nadhahi
paukuman Paduka!
11 (Wong-wongmu padha kandhanana
yèn brahala kuwi ora nitahaké langit lan
bumi. Malah bakal padha disirnakaké
saka ing bumi.)
12 Pangéran nitahaké bumi srana
pangwasané; srana kawicaksanané
enggoné nitahaké jagad sarta njèrèng
sakèhé langit.
13 Atas dhawuhé, banyu sing ana ing
langit banjur padha gemuruh, ndadèkaké
méga mumbul saka pungkasané bumi.
Panjenenganè ndhawuhaké bledhèg
mbarengi tibané udan, lan angin
diwetokaké saka gudhang simpenané.
14 Ndeleng sing mengkono mau,
manungsa ngrumangsani enggoné
bodho lan dudu apa-apa. Kriya
sing ngukir-ukir reca banjur padha
kwirangan, merga brahala gawéaning
tangané mau allah palsu lan barang
mati.
15 Barang sing ora ana ajiné lan
ngguyokaké; sarta bakal dilebur déning
Allah.
16 Allahé Yakub ora kaya brahala
kuwi. Panjenenganè kang nitahaké

samubarang; sing milih Israèl dadi umat
kagunganė, asmanė kasebut Allah Kang
Mahakwasa.
17 Hé wong Yérusalèm, kowé wis
dikepung! Barang-barangmu klumpukna.
18 Kowé bakal dibuwang déning
Pangéran saka tanah kéné. Kowé bakal
diremuk kabèh, siji waé ora ana sing
kari. Pangéran wis ngandika.
19 Wong-wong ing Yérusalèm padha
sesambat, "Adhuh cilaka temen awakku,
awakku kebak tatu, sing ora kena
ditambani! Kaya mengkéné sangsara
sing kudu daksandhang!
20 Kémahku wis rusak kabèh, tali-tali
sing kanggo nyancang wis padha pedhot.
Anak-anakku wis padha ninggal aku,
ora ana sing kèri ngedegaké kémahku
menèh. Ora ana sing masang kémah lan
ngetrapaké geberé."
21 Wangsulanku, "Para pemimpin kita
sami bodho-bodho; ora padha nyuwun
pirsa marang Allah. Kuwi sing marakaké
padha ora olèh gawé, lan njalari
wong-wong kita padha pating slebar.
22 Rungokna! Ana kabar teka! Bakal
ana gègèr teka saka bangsa-bangsa
tanah Lor. Wadyabalané bakal ngrusak

kutha-kuthané Yéhuda dadi gempuran
lan ara-ara samun, sing dienggoni asu
ajag."
23 Dhuh Allah, kawula sami mangertos,
bilih manungsa mboten kwasa ngerèh
lampahipun piyambak; lan tiyang
ingkang mlampah mboten kwasa
mrenahaken jangkahipun piyambak.
24 Dhuh Allah, umat Paduka mugi
kawelèhaken, namunga sawetawis
kémawon, sampun mawi paukuman
Paduka, supados kawula mboten sami
sirna sedaya.
25 Paukuman Paduka mugi kaesokna
dhateng bangsa-bangsa ingkang mboten
nyembah dhateng Paduka, sarta dhateng
tiyang-tiyang ingkang nampik Paduka.
Tiyang-tiyang menika sami mejahi
umat Paduka, ngantos kawula sami
tumpes babar-pisan, sarta tanah kawula
kadadosaken gempuran.

11

1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Kowé ngrungokna surasané janji iki.
Lan iki dhawuhna marang para wong
ing Yéhuda lan wong-wong sing padha
manggon ana ing Yérusalèm,

3 yèn Aku Pangéran Allahé Israèl bakal
nibakaké paukuman marang saben wong
sing ora netepi surasané Prejanjian kuwi.
4 Prejanjian kuwi Dakanakaké karo
para leluhuré nalika Dakirid metu saka
tanah Mesir. Yakuwi tanah sing kanggoné
Israèl kaya pawon paleburan wesi.
Wong-wong mau Dakdhawuhi supaya
padha mbangun-turut karo Aku lan
netepi sakèhé dhawuh-dhawuh-Ku.
Yèn padha mbangun-turut bakal dadi
umat-Ku lan Aku dadi Allahé.
5 Aku bakal netepi janji-Ku marang
para leluhuré, yakuwi Dakparingi tanah
sing subur lan makmur kaya sing padha
dienggoni saiki." Unjukku, "Inggih,
Gusti."
6 Pangandikané Pangéran marang aku,
"Pangandika iki kabèh dhawuhna marang
kutha-kuthané Yéhuda lan wartakna
ana ing dalan-dalan ing Yérusalèm.
Kandhakna mengkéné, ‘Kowé padha
ngrungokna surasané prejanjian iki lan
padha tetepana.’
7 Nalika para leluhuré Dakentas saka
tanah Mesir wis Dakweling kanthi
banget supaya padha mbangun-turut
marang Aku, lan weling-Ku mau ora

kendhat-kendhat Dakambali tekan
sepréné.
8 Nanging wong-wong mau ora padha
ngrungokaké lan ora padha mbangun-
turut. Saben wong tetep mangkotaké
atiné lan nglakoni piala kaya sing
uwis-uwis. Padha Dakdhawuhi netepi
Prejanjian, nanging ora ngèstokaké.
Mulané nuli Dakdhawahi paukuman sing
kasebut ana ing Prejanjian mau."
9 Pangéran nuli ngandika marang aku,
"Para wong ing Yéhuda lan wong-wong
sing padha manggon ing Yérusalèm
padha rujuk arep nglawan Aku.
10 Ateges wong-wong mau padha
mbalèni durakané para leluhuré, sing
iya padha emoh nggatèkaké dhawuh-
dhawuh-Ku. Malah banjur padha
nyembah allah-allah liyané. Turuné
Israèl lan turuné Yéhuda wis padha
nglanggar Prejanjian sing Dakgawé karo
para leluhuré.
11 Mulané saiki padha Dakpituturi
yèn Aku bakal nekakaké karusakan,
lan wong-wong ora bakal bisa oncat.
Samasa padha sesambat marang Aku,
Aku bakal ora miyarsakaké.

12 Wong-wong Yéhuda lan Yérusalèm
mau bakal padha marani allah-allahé
sing padha disembah, karo nggawa
sesajèn lan kurban. Ana ing kono
padha nangisi brahala-brahalané njaluk
pitulungan. Nanging brahala-brahala
mau bakal ora bisa awèh pitulungan.
13 Brahalané wong-wong ing Yéhuda
kuwi cacahé padha karo cacahé kutha-
kutha sing ana ing Yéhuda, lan para
penduduké kutha Yérusalèm padha
ngedegaké mesbèh kanggo Baal sing
nistha mau, cacahé padha karo cacahé
lurung ing kutha kono.
14 Mulané, Yérémia, kowé aja
ndongakaké bangsa iki, lan aja
koksuwunaké apa-apa marang Aku.
Yèn padha ketekan bebaya lan
sesambat marang Aku, mesthi ora bakal
Dakpiyarsakaké."
15 Pangandikané Pangéran, "Umat sing
Daktresnani padha nindakaké penggawé
ala. Apa gunané padha mlebu ing
Pasucèn-Ku? Apa dikira bisa ngedohaké
bebaya srana ngucapaké janji-janji lan
srana saos kurban? Apa srana mengkono
bakal olèh kabungahan?

16 Dhèk biyèn umat kuwi tau Daksebut:
wit zaitun sing ngrembuyung, kebak woh
sing éndah. Nanging saiki kalawan swara
gemuruh godhongé bakal Dakobong lan
pang-pangé Daksempali.
17 Aku, Pangéran Kang Mahakwasa,
sing nandur Israèl lan Yéhuda; nanging
saiki Dakancam arep Daksirnakaké.
Enggoné ketaman mengkono mau
merga saka penggawéné dhéwé sing
ala, yakuwi padha gawé kurban kanggo
nyembah marang Baal, nganti memungu
bebendu-Ku."
18 Pangéran wis maringi pirsa marang
aku yèn mungsuh-mungsuhku padha
ngrancang ngarah patiku.
19 Aku iki presasat cempé lulut sing
dijupuk arep disembelèh, mangka aku
ora ngerti yèn rancangané sing ala
kuwi ditujokaké marang aku. Ujaré
mengkéné, "Ayo wité padha ditegor,
mumpung isih seger. Wongé kita patèni
waé, supaya aja ana sing éling menèh
marang jenengé."
20 Aku banjur ndedonga marang
Pangéran, "Dhuh Allah Ingkang
Mahakwasa. Paduka menika hakim
ingkang adil, ingkang ndadar telenging

batos lan manah. Prekawis kawula
menika kawula pasrahaken ing asta
Paduka. Mugi kawula saged ningali
tumindaking pemales Paduka dhateng
tiyang-tiyang menika."
21 Wong-wong Anatot padha ngancam
arep matèni aku, yèn aku nerusaké
enggonku martakaké pangandikané
Allah.
22 Pangéran Kang Mahakwasa nuli
ngandika, "Wong-wong Anatot bakal
Dakukum! Wongé nonoman bakal padha
mati ana ing peprangan. Anak-anaké
bakal padha mati kaliren.
23 Aku wis netepaké wektuné wong-
wong Anatot mau padha ketekan ing
bebaya. Lan yèn tekan wektuné ora ana
wong Anatot siji waé sing kari urip."
12 1 Dhuh Pangéran, saupami kawula
paben kaliyan Paduka, mesthi
Paduka ketitik leres. Namung keparenga
kawula matur bab prekawis keadilan.
Kénging menapa tiyang awon sami
subur? Tiyang mboten jujur sami
ketrimah gesangipun?
2 Tiyang-tiyang menika Paduka tanem,
lajeng sami ngedalaken oyod, sami
tuwuh sarta ngedalaken woh. Tiyang-

tiyang wau sami ngalem Paduka, senajan
sejatosipun mboten sami maèlu dhateng
Paduka.
3 Nanging, dhuh Allah, Paduka tepang
kaliyan kawula, pirsa menapa ingkang
kawula tindakaken, pirsa ugi bilih kawula
tresna dhateng Paduka. Tiyang-tiyang
menika mugi Paduka gèrèd medal
kados ménda ingkang badhé kapragat;
mugi Paduka simpen ngantos dumugi
wekdalipun dipun sembelèh.
4 Ngantos pinten dangunipun tanah
kawula garing, lan rumput-rumput sami
alum? Kéwan lan peksi sami pejah margi
saking durakanipun bangsa kawula.
Inggih menika tiyang-tiyang ingkang
sami mungel, "Gusti Allah ora pirsa sing
kita lakoni."
5 Pangandikané Pangéran, "Yérémia,
yèn kowé balapan karo wong waé wis
kesel, kepriyé bisamu balapan karo
jaran? Yèn ana ing negara sing tentrem
waé kowé wis rumangsa ora aman,
méndahané menèh yèn kowé ana ing
alas gedhé ing Yardèn?
6 Sedulur-sedulurmu tunggal bapa-
biyung wis ngapusi kowé sarta padha

mèlu nglawan kowé. Yèn ana tembungé
manis marang kowé, aja kokgugu!"
7 Pangéran ngandika mengkéné, "Israèl
wis Daktinggal; umat pilihan-Ku wis
Daktampik. Umat sing Daktresnani
wis Dakulungaké marang mungsuh-
mungsuhé.
8 Bangsa sing Dakpilih wis nyingkur
Aku; kaya singa ing alas, mengkono
enggoné padha nyenggrang marang
Aku. Mulané Daksengiti.
9 Umat pilihan-Ku kuwi kaya manuk,
sing diserang déning manuk alap-alap
saka ngarep lan saka mburi. Kéwan-
kéwan galak padha undangen, supaya
teka mèlu pésta!
10 Akèh raja-raja ngamanca padha
teka ngrusak kebon anggur-Ku; padha
ngidak-idak palemahan-Ku, mula
tanah-Ku sing éndah dadi mosak-masik.
11 Tanah mau dadi ara-ara samun sing
marahi ngenes lan suwung ana ing
ngarsa-Ku. Satanah wrata dadi ara-ara
sing bera, ora ana sing nggarap.
12 Tanah mau ketekan rampog-rampog
sing tekané ngliwati punthuk-punthuk
gundhul lan segara wedhi. Aku nekakaké
perang sing ngrusak satanah kono

kabèh, nganti ora ana wong sing urip
kanthi tentrem.
13 Umat-Ku padha nyebar gandum,
nanging ngenèni rerungkudan. Padha
nyambut-gawé keras, nanging ora
olèh apa-apa. Merga saka banteré
bebendu-Ku panèn-panèn padha
wurung."
14 Pangandikané Pangéran, "Bangsa-
bangsa tangga-teparoné Israèl wis
padha ngrusak tanah sing Dakparingaké
marang umat Israèl. Bangsa-bangsa
sing gawé piala bakal Dakpundhut
saka tanahé, kaya tanduran sing
dibedhol, supaya Yéhuda bisa luwar saka
bangsa-bangsa mau.
15 Nanging sawisé mengkono Aku
bakal melasi bangsa-bangsa mau, lan
bakal Dakbalèkaké menyang tanahé
dhéwé-dhéwé menèh.
16 Yèn bangsa-bangsa mau gelem
ngrasuk agamané bangsa-Ku kalawan
gumolonging ati lan gelem supata demi
asmané Allah kang gesang — kaya biyèn
enggoné muruki bangsa-Ku supata demi
jenengé Baal — bangsa-bangsa mau
bakal kepétung dadi umat-Ku lan bakal
padha Dakberkahi.

17 Nanging yèn ana bangsa sing
ora mbangun-turut, bakal Dakbedhol
saoyod-oyodé sarta Daktumpes. Aku,
Pangéran wis ngandika."

13 1 Aku didhawuhi Pangéran tuku
sabuk léna lan nganggo sabuk
mau ing lambungku, nanging aja nganti
dakcelup ing banyu.
2 Aku banjur lunga tuku sabuk, lan
sabuké dakenggo.
3 Pangéran nuli ngandika menèh,
4 "Lungaa menyang Bengawan Éfrat lan
sabuké dhelikna ana ing sela-selaning
parang."
5 Aku banjur mangkat lan sabuké
dakdhelikaké ana ing sacedhaké
Bengawan Éfrat.
6 Let sawetara dina aku didhawuhi
Pangéran bali menyang Bengawan Éfrat
menèh njupuk sabuké.
7 Dadi aku mrana menèh, nanging
bareng dakdhudhah sabuk sing
daksimpen ana ing kana mau jebul wis
rojah-rajèh (suwèk), nganti wis ora kena
dienggo menèh.
8 Pangéran banjur ngandika menèh,

9 "Mengkéné iki enggon-Ku bakal damel
rojah-rajèh merga piangkuhé Yéhuda lan
piangkuhé Yérusalèm.
10 Bangsa ala iki wegah ngrungokaké
pangandika-Ku. Atiné wangkal lan
selawasé ala. Padha manut allah liyané,
banjur dibektèni lan disembah-sembah.
Mulané bakal padha kaya sabuk iki sing
wis ora ana gunané babar-pisan.
11 Kaya upamané sabuk kraket ing
lambungé wong, mengkono kersa-Ku
supaya wong Yéhuda lan wong Israèl
padha kraket karo Aku. Srana mengkono
umat mau dadi kagungan-Ku sing
memuji lan ngluhuraké asma-Ku.
Nanging wong-wong mau padha ora
mbangun-turut marang Aku."
12 Gusti Allah ngandika menèh karo
aku, "Yérémia, kandhaa karo umat Israèl
yèn saben guci kudu diisèni anggur
nganti kebak. Wong-wong mau bakal
mangsuli yèn saben guci wis diisèni
anggur.
13 Banjur kandhaa yèn Aku, Pangéran,
bakal maringi ngombé anggur nganti
padha mendem, yakuwi raja-raja turuné
Dawud, para imam, para nabi lan wong
kabèh sing ana ing Yérusalèm.

14 Nanging wong-wong mau tuwa-enom
banjur bakal padha Dakjeblèsaké siji
karo sijiné, nganti padha remuk kabèh.
Aku bakal ora maringi palimirma utawa
welas, kabèh bakal Dakpatèni."
15 Hé wong Israèl, Gusti Allah wis
ngandika! Padha ngasorna badanmu lan
ngrungokna pangandikané.
16 Urmatana Pangéran, Allahmu,
sadurungé Panjenengané nekakaké
pepeteng. Lan kowé padha kejlungup
ana ing pegunungan; sadurungé
Panjenenganné malik pepadhang sing
kokarep-arep, dadi pepeteng lelimengan.
17 Yèn kowé ora gelem ngrungokaké,
aku bakal nangis karo dhelikan, nangisi
piangkuhmu. Aku bakal nangis kelara-
lara lan eluhku bakal trocosan, merga
umaté Pangéran bakal kabuwang, kairid
lunga dadi wong tawanan.
18 Pangandikané Pangéran marang aku,
"Matura marang Sang Prabu lan ibuné,
supaya padha medhun saka dhamparé,
merga makuthané sing éndah bakal
kapundhut saka mestakané.
19 Kutha-kuthané Yéhuda sing sisih
Kidul wis dikepung; ora ana sing bisa
lolos. Wong-wong ing Yéhuda kabèh

wis ditawan lan digawa lunga menyang
pembuwangan."
20 "Yérusalèm, delengen! Mungsuhmu
wis teka, medhun saka tanah sisih Lor!
Endi wong-wong sing diprecayakaké
marang pangrumatmu, wong-wong sing
kokegung-egungaké?
21 Kowé arep muni kepriyé, yèn wong
sing kokkira mitramu jebul nelukaké
kowé lan njajah kowé? Apa kowé ora
ngrasakaké lara kaya wong wadon sing
lagi nglarani.
22 Yèn kowé arep ngerti apa sebabé
kowé nandhang sangsara sing mengkono
mau, nganti sandhanganmu disuwèk-
suwèk lan dirucat, kuwi merga saka
pialamu sing wis sundhul langit.
23 Wong cemani[i] apa bisa salin kulit?
Utawa macan tutul mbuwang tutulé? Yèn
bisa, kowé sing seneng gawé dosa, iya
bisa gawé becik.
24 Kowé bakal disebar déning Allah kaya
damèn kasebul ing anginé segara wedhi.
25 Kuwi sing kapesthèkaké dadi
nasibmu. Mengkono putusané Pangéran
ing ngatasé kowé, merga kowé wis
padha lali marang Panjenengané lan

---

[i]cemani: bangsa kulit cemeng.

nganut allah-allah liyané, sing sejatiné
dudu Allah.

26 Allah piyambak sing bakal
ngrucat sandhanganmu nganti
katon kawiranganmu.[j]

27 Panjenengané pirsa enggonmu
nindakaké prekara-prekara sing disengiti
Panjenengané. Panjenengané pirsa
enggonmu nyembah brahala ana ing
punthuk-punthuk lan ing sawah-sawah,
kaya wong lanang sing kepéncut
marang bojoné tanggané, utawa jaran
lanangan ngoyak jaran wadon. Hé wong
Yérusalèm! Kowé wis diukum! Mbésuk
kapan enggonmu arep dadi suci?"

14 1 Pangéran ngandika marang aku
bab mangsa ketiga garing ngerak
mengkéné,

2 "Yéhuda lagi nandhang sedhih merga
kepatèn; kutha-kuthané presasat kutha
mati. Wongé padha nglésod ing lemah
merga saka sedhihé, lan Yérusalèm
ngundang-undang njaluk tulung.

3 Wong sing sugih-sugih padha
kongkonan baturé golèk banyu; bareng
tekan kulah, jebul kulahé kothong; nuli

---

[j]kawirangan: kemaluan (bhs. Ind.).

padha bali nggawa jun[k] kothong. Mulané
wong-wong padha semplah lan bingung,
rainé padha ditutupi.
4 Sarèhné ora ana udan, lemahé dadi
garing. Wong tani padha kecuwan, lan
padha nutupi rainé.
5 Menjangan ing ara-ara manak,
nanging anaké ditinggal, merga ora ana
suket.
6 Kuldi alasan padha ngadeg ana ing
pucaké punthuk, padha megap-megap
kaya asu ajag; pandelengé lamur merga
padha ora olèh pangan.
7 Bangsaku bengok-bengok marang
aku njaluk tulung, tembungé, ‘Senajan
kawula dipun gugat déning dosa-dosa
kawula, dhuh Pangéran, kersaa paring
pitulungan, kados ingkang Paduka
janjèkaken. Kawula sampun wongsal-
wangsul nyingkur Paduka, sarta sampun
damel dosa dhateng Paduka.
8 Paduka menika andel-andelipun
Israèl, inggih namung Paduka piyambak.
Namung Paduka piyambak ingkang
saged ngluwari kawula saking paukuman
menika. Kénging menapa Paduka kados
tiyang neneka wonten ing tanah menika,

---

[k]jun: wadhah toya.

kados tiyang lelampah ingkang namung
mampir sipeng kémawon.
9 Kénging menapa Paduka kados tiyang
ajrih, kados perwira ingkang mboten
gadhah daya mitulungi? Paduka rak
wonten ing tengahipun umat Paduka,
dhuh Allah. Kawula rak umat kagungan
Paduka, mugi sampun ngantos nilar
kawula.’"
10 Pangandikané Allah marang umaté
mengkéné, "Wong-wong seneng
nyingkur Aku, lan ora bisa menggak
kekarepané dhéwé. Mulané Aku ora
seneng karo wong-wong mau. Dosa-
dosané bakal tansah Dakéling-éling, lan
bakal Dakukum."
11 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné, "Kowé aja nyuwunaké
pitulungan kanggo wong-wong kuwi
marang Aku.
12 Senajan padha pasa Aku ora arep
miyarsakaké pesambaté. Senajan padha
nyaosaké kurban obongan lan kurban
dhaharan, iya ora bakal gawé renaning
penggalih-Ku. Malah wong-wong mau
bakal padha Daktumpes ana ing
peprangan nganti padha mati merga
kaliren lan pageblug."

13 Aturku, "Dhuh Allah Ingkang
Mahakwasa. Paduka pirsa bilih para nabi
sami nyriyosi tiyang-tiyang menika,
bilih badhé mboten wonten peprangan
lan paceklik, awit miturut sanjangipun
tiyang-tiyang wau Paduka sampun
janji piyambak. Malah ing tanah ngriki
namung badhé wonten katentreman
kémawon."
14 Nanging Pangéran paring wangsulan,
"Para nabi padha medhar wangsit palsu
nganggo asma-Ku. Aku ora ngutus
nabi-nabi mau. Aku ora paring dhawuh
apa-apa, iya ora weling ngucapaké
tembung sakecap. Wangsit sing padha
ditampa mau pinangkané ora saka Aku.
Mulané ramalané ora ana gunané merga
asalé mung saka pangothak-athiké
dhéwé.
15 Aku, Pangéran, nedahaké marang
kowé apa sing bakal Daktindakaké
kanggo para nabi, sing padha ora
Dakutus, nanging padha medhar wangsit
nganggo asma-Ku, pangucapé, ‘Ing
tanah kéné bakal ora ketekan perang
lan ora ketekan paceklik.’ Wong-wong
mau bakal Daktumpes srana perang lan
paceklik.

16 Wong-wong sing padha ngandel
marang ramalané nabi-nabi mau
iya bakal padha Dakpatèni srana
peprangan lan paceklik. Jisimé bakal
padha dibuwang ana ing dalan-dalané
Yérusalèm, lan ora ana wong sing
bakal ngubur. Mengkono sing bakal
dialami déning wong-wong mau kabèh,
klebu uga bojoné, anak-anaké lanang
lan wadon. Aku bakal males sakèhé
durakané."
17 Pangéran ndhawuhi aku, supaya
ngandhani wong-wong, sepira sedhihé
atiku. Mengkéné tembungku, "Aku
daknangis rina wengi, daknangis ora
meneng-meneng, merga bangsaku
banget enggoné ketaton, tatu sing
mbebayani.
18 Yèn aku metu ana ing ara-ara, ing
kono aku weruh jisimé wong sing padha
mati ing peprangan; yèn aku mlebu
kutha, aku weruh wong sing padha mati
kaliren. Para nabi lan para imam padha
nglakoni pegawéané, nanging ora ngerti
apa sing ditindakaké."
19 Dhuh Pangéran, menapa Yéhuda
Paduka tampik babar-pisan? Menapa
tiyang-tiyang ing Sion Paduka tatoni

ngantos mboten saged kasarasaken
malih? Kawula sami ngajeng-ajeng
wontenipun katentreman, nanging
mboten nampi menapa-menapa ingkang
saé; kawula sami ngantos-antos
kesarasan, nanging ingkang dhateng
malah panganiaya.
20 Dhuh Allah, kawula sami damel dosa
dhateng Paduka, kawula sami ngakeni
dosa-dosa kawula, lan dosanipun para
leluhur kawula.
21 Kersaa ngémuti dhateng janji Paduka,
lan kawula mugi sampun ngantos Paduka
wirangaken. Paduka sampun ngantos
ngrèmèhaken dhampar Paduka ingkang
mulya. Prejanjian Paduka kaliyan kawula
sampun ngantos Paduka lebur.
22 Brahalanipun bangsa-bangsa mboten
sami ndhatengakaken jawah; langit saking
dayanipun piyambak mboten saged
ndhatengakaken jawah. Dhuh Pangéran
Allah kawula, namung Paduka ingkang
sami kawula antos-antos. Awit inggih
namung Paduka piyambak ingkang
saged nindakaken sedaya wau.
15 1 Pangéran ngandika marang aku
mengkéné, "Senajan Musa lan
Samuèl padha ngadeg ana ing ngarsa-

Ku, Aku ora bakal melasi wong-wong
iki. Padha singkirna, padha tundhungen
saka ngarsa-Ku.
2 Yèn padha takon kowé apa sebabé
padha ditundhung, kandhaa yèn Aku
ngandika mengkéné, ‘Salong ana sing
ditakdiraké mati merga lelara, mulané
ya padha mrono parané! Salong ana sing
ditakdiraké mati ing peprangan, dadi ya
padha mrono parané. Salong ana sing
ditakdiraké dadi wong tawanan, dadi iya
mrono-mrono parané.’
3 Aku, Pangéran kang netepaké patang
prekara sing bakal kelakon mau;
wong-wong mau bakal dipatèni ana ing
peprangan; jisimé bakal dilarak-larak
déning asu-asu; manuk-manuk bakal
notholi jisimé, lan kéwan galak bakal
ngentèkaké kekarèné.
4 Wong salumahé bumi bakal Dakgawé
geter weruh asilé penggawéné Manasyè
bin Hizkia ana ing Yérusalèm, nalika
dhèwèké dadi raja ana ing kono."
5 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Sapa sing arep melasi kowé, hé wong
Yérusalèm? Lan sapa sing arep béla
susahmu? Sapa sing arep mampir
ngaruhaké keslametané?

6 Wong-wongmu wis padha nampik
Aku; lan kowé wis nyingkur Aku.
Mulané tangan-Ku Dakangkat lan kowé
Dakremuk, merga Aku wis ora tahan
ngampet duka-Ku.
7 Kowé bakal Daktundhung metu saka
saben kutha ing tanah kéné, kaya
damèn kabur ing angin. Umat-Ku bakal
Daktumpes, anak-anaké Dakpatèni,
merga kowé ora marèni kelakuanmu
sing ala.
8 Cacahé randha ing tanahmu bakal
luwih akèh ketimbang karo wedhiné
segara. Nonomanmu bakal padha
Dakpatèni sajroné nedheng-nedhengé
padha tuwuh, nganti ndadèkaké biyungé
padha sangsara. Bakal padha Dakgebug
dadakan srana pagiris lan geter.
9 Biyung sing kélangan anaké pitu
bakal semaput, ambekané megap-
megap. Padhangé srengéngé malih
dadi peteng; wong mau ngalami wirang
lan isin. Mungsuh-mungsuhmu bakal
Dakdhawuhi matèni sakèhé wong sing
isih urip. Aku, Pangéran wis ngandika."
10 Wong sing cilaka temen aku iki!
Yagéné aku dilairaké déning biyungku?
Déné kokdadi wong sing marakaké

regejegan lan bebantahaning antarané
wong-wong satanah kabèh. Mangka aku
ora tau motangaké marang wong liya,
éwasemono aku ana ing ngendi-endi
disepatani wong.
11 Dhuh Allah, mugi-mugi ndhawuhana
kawula, saupamia enggèn kawula
ngladosi Paduka menika mboten kalayan
éklasing manah, utawi kawula mboten
nyuwunaken sih Paduka kanggé para
mengsah kawula, samasa sami ngalami
karupekan.
12 (Mboten wonten tiyang ingkang
saged mutung tosan, langkung-langkung
tosan ingkang asalipun saking tanah Lèr,
ingkang kagemblèng kaliyan prunggu.)
13 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné, "Aku bakal ngutus
mungsuh-mungsuh njarah-rayah
kasugihan lan raja-branané bangsa-Ku,
kanggo ngukum pialané sing ditindakaké
wrata satanah kabèh.
14 Aku bakal ndadèkaké umat-Ku
ngawula marang para mungsuhé, ing
tanah manca sing durung dingertèni,
merga mulading bebendu-Ku sing ora
kena disirep ing selawasé."

15 Unjukku, "Dhuh Pangéran, Paduka
pirsa samukawis. Mugi kersa ngèngeti
dhateng kawula lan mitulungi kawula.
Kawula nyuwun mugi Paduka malesaken
dhateng tiyang-tiyang ingkang sami
ngoyak-oyak kawula. Tiyang-tiyang
menika mugi sampun ngantos Paduka
sabari, sarta lajeng sami saged mejahi
kawula. Paduka mugi ènget bilih enggèn
kawula dipun siya-siya menika krana
saking enggèn kawula nglampahi ayahan
ingkang Paduka paringaken dhateng
kawula.
16 Menawi Paduka paring dhawuh,
saben tembung kawula pirengaken.
Kawula menika kagungan Paduka, dhuh
Allah Ingkang Mahakwasa. Pangandika
Paduka menika ngebaki manah kawula
srana kabingahan lan kabegjan.
17 Kawula mboten naté jagongan kaliyan
tiyang ingkang remen sembranan, utawi
tumut gegujengan lan bingah-bingah
kaliyan piyambakipun. Margi mituhu
dhateng dhawuh Paduka, kawula tansah
mencil piyambakan, margi manah
kawula sampun Paduka kebaki nepsu.
18 Kénging menapa kawula kedah
tansah nandhang kasisahan? Kénging

menapa tatu-tatu kawula mboten
kénging dipun jampèni? Kénging
menapa mboten sami pulih saras malih?
Menapa Paduka badhé damel gela
dhateng kawula, kados lèpèn ingkang
mboten ajeg toyanipun?"
19 Pangéran paring wangsulan marang
pesambatku mau, mengkéné. "Yèn
kowé mratobat, kowé bakal Dakangkat
dadi abdi-Ku menèh. Menawa kowé
kandha sing bener lan ora ngawur tanpa
teges, kowé bakal Dakdadèkaké nabi-Ku
menèh. Wong-wong bakal padha bali
marani kowé menèh, mula kowé ora
prelu marani wong-wong mau.
20 Kowé bakal Dakdadèkaké bètèng
prunggu sing sentosa. Wong-wong mau
bakal merangi kowé, nanging bakal ora
bisa ngalahaké kowé. Aku bakal nganthi
lan ngampingi kowé nganti kowé bakal
aman.
21 Kowé bakal Dakluwari saka
pangwasané wong ala lan wong ambek
siya. Aku, Pangéran sing ngandika!"
16 1 Pangéran ngandika menèh
marang aku mengkéné,
2 "Kowé aja rabi lan duwé anak ana ing
panggonan iki.

3 Kowé Dakkandhani apa sing bakal
kelakon mungguh bocah-bocah sing
dilairaké ana ing kéné lan wong tuwané.
4 Kuwi bakal padha mati merga déning
lelara sing nggegirisi, lan ora ana wong
sing bakal nangisi utawa mendhem
jisimé. Jisim-jisimé bakal katumpuk kaya
uwuh ana ing lemah. Wong bakal padha
dipatèni ana ing peprangan utawa merga
saka kaliren. Jisimé bakal dadi pangané
manuk-manuk lan kéwan galak."
5 "Kowé aja layad ing omahé wong
sing lagi kepatèn. Aja mèlu susah
utawa béla-sungkawa. Bangsa iki wis
ora Dakparingi berkah tentrem-rahayu,
kadarman lan kawelasan.
6 Wong sugih lan wong miskin karo-
karoné bakal padha mati ora dipendhem,
lan ora ana sing layad. Ora ana wong
sing natoni awaké utawa nyukur rambuté
kanggo nélakaké sedhihing atiné.
7 Ora ana wong sing gelem mangan
lan ngombé kanggo nglipur wong sing
kepatèn kekasihé. Ora ana wong sing
mèlu ngrasakaké sedhih karo wong sing
kepatèn bapak utawa embokné."

8 "Aja mlebu ing omahé wong sing lagi
nganakaké pésta. Aja mèlu jagongan ing
kono, mèlu mangan lan ngombé.
9 Rungokna apa sing dingandikakaké
déning Pangéran, Allahé Israèl, Kang
Mahakwasa. Aku bakal nyirep sakèhing
swaraning kabungahan lan sukan-sukan,
sarta giyak-giyaké wong ana ing
péstaning pengantèn. Umat iki bakal
menangi kelakoné prekara iki mau
kabèh."
10 "Yèn kowé ndhawuhaké pangandika
iki kabèh, wong-wong bakal padha
takon, apa sebabé Pangéran ngukum
umaté nganti semono aboté. Wong-
wong bakal padha takon piala apa sing
ditindakaké déning umaté, apa dosané
marang Pangéran, Allahé.
11 Nuli kandhaa yèn Allah wis ngandika
mengkéné, ‘Para leluhurmu wis padha
nyingkur Aku lan nyembah allah liyané.
Padha ninggal Aku lan ora netepi
piwulang-piwulang-Ku.
12 Nanging piala sing koklakoni saiki
kuwi luwih gedhé ketimbang karo
dosané leluhurmu. Kowé kabèh padha
mangkotaké atimu ana ing sajroning

dosamu, merga padha ora netepi
dhawuh-Ku.
13 Mulané kowé bakal Daktundhung
saka tanah kéné, menyang tanah sing
ora tau kokngertèni utawa disumurupi
déning para leluhurmu. Ana ing tanah
kono kowé bakal nyembah marang
allah-allah liyané rina lan wengi, merga
Aku ora bakal melasi kowé menèh.’"
14 Pangéran ngandika marang aku
mengkéné, "Bakal ana wektuné umat
sing ora supata demi asma-Ku, Allah
kang sipat gesang, sing wis ngentas
Israèl saka tanah Mesir.
15 Bakal padha supata demi asma-Ku,
Allah kang sipat gesang, sing wis
ngluwari Israèl saka tanah Lor lan
tanah-tanah liyané, panggonané umat
mau Daksebar. Umat Israèl bakal
Dakbalèkaké menèh ing tanahé dhéwé,
sing Dakparingaké marang para leluhuré.
Aku, Pangéran, sing ngandika."
16 Pangéran ngandika menèh
mengkéné, "Aku bakal nekakaké
wong golèk iwak sing bakal njaring
umat-Ku. Aku iya bakal nekakaké
juru mbebedhag akèh bèn mburu lan
matèni wong-wong sing padha manggon

ana ing pegunungan, ing punthuk lan
ing guwa-guwa sing ana ing selaning
karang-karang.
17 Tingal-Ku ngawasaké apa sing padha
dilakoni kabèh. Ora ana prekara sing
samar tumraping Aku. Dosa-dosané ora
ana sing ilang saka paningal-Ku.
18 Dosa lan durakané umat-Ku bakal
Dakwales tikel-matikel, merga wis
padha najisaké tanah-Ku srana brahala-
brahala, barang sing mati kaya bathang.
Tanah-Ku dikebaki brahala-brahala najis
sing kaya mengkono mau."
19 "Dhuh Pangéran, Paduka menika
ingkang ngreksa lan paring kekiyatan
dhateng kawula, saha paring pitulungan
menawi kawula ngalami karupekan.
Bangsa-bangsa badhé marek saking
pungkasaning bumi sarta matur, ‘Para
leluhur kawula sami mboten gadhah
menapa-menapa kejawi allah-allah
palsu, saha brahala-brahala ingkang
tanpa gina.
20 Menapa manungsa saged damel allah
piyambak? Mboten, saupamia saged,
allah wau Allah palsu.’"
21 Pangéran ngandika, "Sepisan
iki kanggo ing selawasé Aku bakal

ngetingalaké kasektèn lan pangwasa-
Ku, nganti padha weruh yèn Aku iki
jumeneng Allah."

17

1 Pangandikané Pangéran
mengkéné, "Hé wong Yéhuda,
dosamu wis kacathet nganggo pèn wesi,
lan ditulis ing atimu nganggo inten
lancip sarta diukir ing pojok-pojoking
mesbèhmu.
2 Wong-wongmu padha manembah
ana ing mesbèh-mesbèh lan cagak-
cagak pamujan sing didegaké kanggo
brahalané Dèwi Asyéra, ing ngisoré
saben wit gedhé, lan ana ing pucaké
punthuk-punthuk,
3 sarta ana ing gunung-gunung lan
ing tanah ngaré. Barang-darbèkmu lan
raja-branamu bakal Dakulungaké dadi
rayahan, minangka walesé dosamu ana
ing sawratané tanahmu kéné.
4 Tanah sing Dakparingaké marang
kowé bakal Dakpundhut, lan kowé
bakal Dakdadèkaké baturé mungsuh-
mungsuhmu ana ing tanah sing ora
tau koksumurupi, merga paukuman-Ku
mulad-mulad kaya geni sing ora kena
disirep ing selawas-lawasé."

5 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Aku bakal ngukum wong sing nyingkur
Aku lan wong sing ngendelaké
kekuwatané manungsa, sing sanyatané
mung apes waé.
6 Wong kuwi presasat eri pulet-puletan
sing thukul ing tanah garing ing ara-ara
samun, ing tanah sing cengkar. Wong
mau bakal ora ngalami kabegjan.
7 Nanging Aku bakal mberkahi wong
sing kumandel marang Aku.
8 Wong kuwi bakal kaya wit sing
ditandur ana ing pinggiring kali, sing
oyod-oyodé tumancep ana ing banyu.
Wit mau ora krasa ketaman panas ing
mangsa ketiga, merga godhongé tetep
ijo royo-royo; ora kuwatir ing mangsané
ngerak; lan ora kendhat enggoné
ngetokaké woh.
9 Sapa sing bisa njajagi atiné
manungsa? Julig lan pinter ngapusi
tanpa tandhing; wis kebacut atos kaya
watu, sapa sing bisa ngempukaké?
10 Aku, Pangéran kang pirsa atiné
wong, lan ndadar tekan telenging batiné.
Supaya wong siji-siji Dakganjar, manut
kelakuané, miturut penggawéné."

11 Wong sing nglumpukaké kasugihan
nganggo patrap sing ora jujur, kuwi kaya
ayam alas sing ngengremi endhog sing
dudu endhogé dhéwé. Tengah-tengahé
umuré wong mau bakal kélangan
kasugihané, lan wekasané umuré bakal
ketara, yèn dhèwèké sanyatané wong
gemblung.
12 Pedalemané Allah kuwi presasat
dhampar kang luhur, sing wiwit-wiwitan
mula ngadeg ana ing gunung sing
dhuwur.
13 Dhuh Pangéran, Paduka menika
ingkang dipun antos-antos déning
Israèl. Sedaya tiyang ingkang nyingkur
Paduka badhé nandhang kwirangan.
Tiyang-tiyang murtad wau badhé sami
sirna kados nama ingkang kaserat
wonten ing lebu, awit sami nilar Paduka,
etuking toya gesang.
14 "Dhuh Pangéran, mugi kersa
nyarasaken kawula, temtu kawula badhé
saras babar-pisan; kawula mugi Paduka
luwari, ngantos kawula badhé tentrem
saèstu. Inggih namung Paduka piyambak
ingkang kawula puji-puji!"
15 Tiyang-tiyang sami mungel dhateng
kawula mekaten, "Pangandikanipun

Allah ingkang ngancam dhateng kula
sedaya kokmboten kelampahan? Mbok
cobi Pangéran dipun aturi ngleksanani
samenika!"
16 Nanging dhuh Allah, kawula
mboten naté meksa Paduka supados
ndhatengaken paukuman dhateng
bangsa menika. Kawula mboten
kepéngin bangsa menika nemahi
sangsara. Paduka pirsa piyambak, bilih
kawula mboten naté nyuwun supados
Paduka ndhatengaken paukuman
dhateng bangsa menika.
17 Paduka mugi sampun ngantos dados
pagiris dhateng kawula, awit Paduka
menika pangungsèn kawula.
18 Tiyang ingkang sami nyia-nyia
kawula mugi sami Paduka damel wirang,
sarta kawula piyambak mugi Paduka
éman, dhuh Pangéran. Tiyang-tiyang
menika sami girisa, nanging kawula
piyambak sampun ngantos giris. Sami
kadhawahana paukuman lan dipun
gepuka ngantos ajur-mumur.
19 Pangandikané Pangéran marang
aku, "Yérémia, pangandika iki umumna
ana ing gapuraning kutha sing kanggo
mlebu-metu raja Yéhuda yèn rawuh lan

ninggal kutha. Mengkono uga wartakna
ana ing gapuranè Yérusalèm liya-liyané.
20 Wartakna marang raja-raja lan
sakèhé wong sing manggon ing
Yérusalèm; lan saben wong sing mlebu-
metu ing gapura padha ngrungokna apa
sing Dakdhawuhaké.
21 Kandhanana yèn padha kepéngin
urip pengingen mikul utawa nggéndhong
gawan apa waé ing dina Sabbat,
utawa nggegawa metu ing gapurané
Yérusalèm.
22 Utawa nggegawa apa waé saka ing
omahé ana ing dina Sabbat. Ing dina
Sabbat ora kena padha nyambut-gawé.
Dina kuwi kudu padha disucèkaké, kaya
sing wis Dakdhawuhaké marang para
leluhuré.
23 Para leluhuré padha ora mbangun-
turut marang Aku lan padha ora netepi
dhawuh-Ku. Malah padha mangkotaké
atiné, dadi padha ora nurut lan ora
nanggapi dhawuh-Ku.
24 Wong-wong mau padha kandhanana,
supaya padha netepi dhawuh-Ku. Ing
dina Sabbat padha ora kena nggawa
gawan metu gapurané kutha iki. Dina
Sabbat kudu padha disucèkaké lan

ing dina mau padha ora kena nglakoni
pegawéan apa waé.
25 Yèn dhawuh kuwi ditetepi, para raja
lan para pangéran sing padha mlebu-
metu ing gapurané kutha Yérusalèm
bakal kaparingan pangwasané Raja
Dawud. Enggoné mlebu kutha bakal karo
nunggang kréta lan jaran bebarengan
karo wong-wong ing Yéhuda. Kutha
Yérusalèm bakal tansah kebak wong.
26 Wong-wong saka kutha-kuthané
Yéhuda bakal padha teka, mengkono
uga wong-wong saka désa-désa sakiwa-
tengené Yérusalèm. Wong-wong bakal
padha teka saka daérah Bènyamin,
saka sikiling gunung-gunung lan saka
daérah Yéhuda sisih Kidul. Bakal padha
kemrubut nggawa kurban obongan lan
kurban sembelèhan, kurban dhaharan
lan menyan, apa menèh kurban pamuji
marang Pedalemané Allah.
27 Nanging wong-wong mau kudu
padha nucèkaké dina Sabbat lan ing
dina mau padha ora kena liwat gapurané
kutha karo nggawa gawan. Yèn ora
mengkono, gapura-gapurané Yérusalèm
bakal Dakobong. Kedhaton-kedhatoné

Yérusalèm bakal entèk kamangsa ing
geni sing ora kena disirep."

18 1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,

2 "Lungaa marang omahé kundhi.[l] Ana
ing kono Aku bakal paring dhawuh
marang kowé."

3 Aku banjur mangkat lan satekané ing
omahé kundhi, wongé lagi gawé grabah
nganggo piranti.

4 Yèn grabahé sing digarap mau ora
kabeneran, lempungé banjur diwangun
menèh digawé grabah liyané.

5 Pangéran banjur ngandika marang
aku,

6 "Apa Aku ora wenang nindakaké ing
sakersa-Ku marang bangsa Israèl kaya
patrapé kundhi karo lempungé? Kowé
ana ing asta-Ku kaya lempung sing ana
ing tangané kundhi.

7 Samasa Aku arep mbedhol, ngremuk,
utawa numpes sawijining bangsa utawa
kraton,

8 mangka bangsa mau mratobat saka
dosané, Aku bakal ora sida ndhawahaké
paukuman sing arep Daktindakaké.

---

[l] kundhi: tukang grabah pecah.

9 Kosokbaliné, yèn Aku wis ngandika
arep mbangun sawijining bangsa utawa
kraton,
10 mangka bangsa mau ora mbangun-
turut marang Aku lan malah nglakoni
piala, Aku bakal ora sida nindakaké apa
sing wis Dakngandikakaké.
11 Mulané wong-wong Yéhuda lan wong-
wong Yérusalèm padha kandhanana yèn
Aku wis ngrancang arep ndhawahaké
paukuman marang wong-wong mau.
Kandhanana supaya mratobat, marèni
kelakuané sing ala; konen urip sing
becik.
12 Wong-wong mau bakal padha
mangsuli, ‘Kénging menapa kula kedah
sami mratobat? Mboten prelu; kula
badhé tetep mangkotaken manah lan
tetep nglampahi piawon, kados ingkang
dados sedyaning manah kula.’"
13 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Takona marang saben bangsa, apa
tau ana lelakon sing kaya mengkono?
Bangsa Israèl wis nglakoni piala sing
kebangeten!
14 Apa pucuk-pucuké pegunungan
Libanon tau ora ketutupan ing salju?

Apa kali-kaliné sing banyuné adhem tau
garing?
15 Nanging umat-Ku kelakon ora
éling marang Aku; padha ngobong
dupa kanggo reca ukir-ukiran. Padha
nyimpang saka dalan sing biyèn
diambah, lan ngambah dalan sing
sabeneré dudu dalan.
16 Tanahé nganti dadi panggonan sing
nggegirisi, lan dadi cecamahan ing
selawas-lawasé. Angger wong sing liwat
kono bakal padha kagèt ndeleng kaanan
ing kono; sarta padha gèdhèg-gèdhèg
saka gumuné.
17 Umat-Ku bakal Daksebar ana ing
ngarepé mungsuhé, kaya bledug sing
kabur katerak ing angin saka Wétan.
Umat-Ku bakal Dakungkuraké, lan yèn
ketekan bebaya bakal Daktégakaké."
18 Wong-wong Israèl banjur padha muni
mengkéné, "Ayo kita padha sarembug
mbèrèsi Yérémia! Rak ora kurang imam
sing bisa mulang kita, lan akèh wong
pinter sing bisa awèh rembug marang
kita, sarta nabi-nabi sing medharaké
sabdané Pangéran. Kita ndakwa marang
Yérémia, banjur kita ladèkaké marang

pengadilan, lan kita aja nggugu karo
tembungé."
19 Aku banjur ndedonga marang
Pangéran, "Dhuh Pangéran, mugi
miyarsakaken atur kawula, sarta
tembungipun para mengsah kawula.
20 Kesaénan menapa badhé dipun wales
piawon, déné sami ngedhuk luwangan
kanggé masangi kawula? Paduka temtu
inggih kémutan enggèn kawula sowan
marek ing ngarsa Paduka, nyuwunaken
sih-palimirma kanggé tiyang-tiyang
menika, supados mboten Paduka
dhawahi paukuman.
21 Nanging samenika, dhuh Pangéran,
anak-anakipun mugi Paduka damel
pejah kaliren. Tiyang-tiyang menika
sami tiwasa ing peprangan, supados
para sémahipun sami kécalan lakinipun
lan anak-anakipun. Tiyang-tiyangipun
sami pejaha margi sesakit lan para
nènèmanipun pejah wonten ing
peprangan.
22 Griyanipun kadhatengana rampog
ingkang dadakan ngrampog griya-
griyanipun. Kadamela sami jerit-jerit
margi saking giris. Margi tiyang-tiyang
menika sampun sami ngedhuk luwangan

kanggé ndhawahaken kawula, lan sami
masang kala kanggé njiret kawula.
23 Dhuh Pangéran, Paduka pirsa
piyambak enggènipun sami ngangkah
mejahi kawula. Sampun ngantos
dosanipun Paduka apunten, sarta
durakanipun sampun ngantos Paduka
bucal saking ngarsa Paduka. Mugi
Paduka dadosaken sami ambruk wonten
ing ngarsa Paduka, sarta Paduka
dhawahi paukuman."

19

1 Aku didhawuhi Pangéran tuku
guci sing digawé saka lempung,
karo ngajak para tuwa-tuwané umat lan
para tuwa-tuwané imam sawetara,
2 didhawuhi metu menyang Lebak
Ben-Hinom. Ana ing kono aku didhawuhi
medharaké sabda sing bakal kaparingaké
marang aku.
3 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné, "Raja-raja ing Yéhuda
lan wong-wong Yérusalèm, padha
ngrungokna pangandika-Ku, Pangéran
Kang Mahakwasa, Allahé Israèl. Aku
bakal nekakaké bebaya sing ndadèkaké
saben wong sing krungu padha éram.
4 Merga wong-wong wis padha ninggal
Aku lan padha najisaké panggonan iki

srana enggoné padha kekutug nyembah
marang allah liya-liyané sing ora
disumurupi déning wong iki lan déning
para leluhuré, sarta déning para raja ing
Yéhuda. Panggonan kéné wis dikebaki
getihé wong sing ora kaluputan.
5 Wong-wong mau padha ngedegaké
mesbèhé Baal kanggo ngobong anak-
anaké ing geni kanggo kurban. Sing
mengkono mau ora saka dhawuh-Ku,
malah Aku ora tau kagungan penggalih
sing mengkono kuwi.
6 Mulané bakal ana wektuné panggonan
kéné ora karan Tofèt utawa Lebak Ben-
Hinom, nanging Lebak Panyembelèhan.
7 Ing panggonan kéné rancangan-
rancangané wong Yéhuda lan wong
Yérusalèm bakal Dakgawé gagal. Bakal
padha Dakulungaké ing tanganing
mungsuhé, nganti bakal padha dipatèni
ing peprangan. Jisimé bakal dadi pakané
manuk lan kéwan galak.
8 Aku bakal nekakaké karusakan gedhé
ing kutha kéné, nganti saben wong sing
liwat ing kéné padha giris lan gumun
banget.
9 Kutha iki bakal dikepung déning
mungsuhé lan wong sing manggon

ing kutha mau bakal dipatèni kabèh. Pangepungé kutha mau bakal nggegirisi banget, mula wong sing manggon ana ing kutha kono bakal mangan dagingé pepadhané, malah dagingé anaké dhéwé."
10 Aku banjur didhawuhi déning Pangéran mecah guciné ing ngarepé wong-wong sing padha mèlu aku.
11 Lan kandha yèn iki merga saka dhawuhé Pangéran, Allah Kang Mahakwasa, sing ngandika mengkéné, "Wong-wong lan kutha iki bakal Dakremuk kaya guci sing pecah iki, nganti ora kena dipulihaké menèh. Wong-wong sing mati bakal padha dipendhem ing Tofèt, merga wis ora ana panggonan liyané menèh kanggo ngubur jisim-jisim mau.
12 Aku janji yèn kutha iki lan wong-wongé bakal Dakdadèkaké kaya Tofèt.
13 Omah-omah ing Yérusalèm, kedhatoné raja-raja Yéhuda lan kabèh omah sing ing payoné tau kanggo kekutug kanggo para déwa langit, ya omah-omah sing tau kanggo ngesok anggur minangka kanggo kurban marang

para allah liyané. Sebab omah-omah
mau wis padha dadi najis, ora béda karo
Tofèt."
14 Sabaliku saka enggonku diutus
medhar wangsit ing Tofèt, aku banjur
ngadeg ana ing platarané Pedalemané
Allah, sarta nglairaké sabdané Allah
marang wong-wong sing ana ing kono;
pangucapku,
15 "Mengkéné pangandikané Allah Kang
Mahakwasa, Allahé Israèl, ‘Aku bakal
nekakaké sakèhé paukuman sing wis
Dakngandikakaké sadurungé marang
kutha iki lan marang saben kutha ing
sakiwa-tengené, merga atimu wangkot
lan ora gelem ngèstokaké dhawuh-Ku.’"
20 1 Bareng Imam Pasyhur bin
Imer kepalané Pedalemané Allah
mireng enggonku medhar wangsit mau,
2 banjur dhawuh supaya aku digebugi
lan diranté ana ing sacedhaké Gapura
Bènyamin sing dhuwur, ing Pedalemané
Allah kono.
3 Ésuké bareng Pasyhur wis nguculi
rantéku, aku muni mengkéné, "Gusti
Allah mboten maringi nama panjenengan
Pasyhur, nanging ‘Pagiris ing saenggèn-
enggèn’.

4 Margi mekaten pangandikanipun
Allah, ‘Aku bakal ndadèkaké kowé
giris marang awakmu dhéwé lan para
mitramu; para mitramu kabèh bakal
mati déning pedhangé para mungsuhé.
Wong Yéhuda kabèh bakal padha dadi
baturé raja Babil; wong sawetara bakal
ditawan lan digawa menyang Babil, déné
wong-wong liyané bakal dipatèni.
5 Sakèhé kasugihané kutha iki bakal
Dakulungaké marang mungsuhé,
barang-darbèké bakal dirampas kabèh,
uga raja-branané para rajané Yéhuda.
Sakèhé kasugihan mau bakal digawa
menyang tanah Babil.
6 Déné kowé, Pasyhur lan brayatmu
iya bakal ditawan lan digawa menyang
Babil. Ana ing kana enggonmu bakal
mati lan dikubur bebarengan karo para
mitramu sing sok kokwedhari wangsitmu
sing palsu kuwi.’"
7 Dhuh Pangéran, Paduka mbujuk
kawula, kawula sampun kabujuk. Paduka
langkung rosa tinimbang kawula, mila
kawula Paduka kawonaken. Saben tiyang
nggegujeng kawula, rinten dalu kawula
dipun poyoki.

8 Sebab saben medhar wangsit, kawula
Paduka dhawuhi mungel kalayan sora,
"Panganiaya! Bilai!" Inggih jalaran
pangandika Paduka ingkang kawula
wedharaken, kawula sedinten-dinten
dipun poyoki lan dipun awon-awon.
9 Nanging samasa kawula mosik
ing salebeting manah, "Daklèrèn
waé enggonku dadi nabiné Allah, lan
enggonku medharaké pangandikané
Allah," ing manah kawula pangandika
Paduka dados kados latu ingkang murub,
ingkang mboten kénging kawula sirep.
Senajan kawula cegah-cegah supados
mboten kawula ucapaken, nanging
kawula mboten keconggah.
10 Kawula mireng tiyang-tiyang sami
bisik-bisik, "Wong kuwi kandha yèn ing
saenggon-enggon bakal ana pagiris!
Beciké kita laporaké waé marang para
penggedhé!" Kanca-kanca kawula
piyambak sami ngajeng-ajeng supados
kawula manggih bebaya. "Bisa uga wong
kuwi kena dibujuk, banjur kita cekel, lan
kita wales."
11 Nanging, dhuh Pangéran, Paduka
njagi kawula, srana kekiyatan lan
pangwasa Paduka, lan tiyang-tiyang

ingkang nyia-nyia kawula badhé nemahi
cilaka. Tiyang-tiyang menika badhé
kwirangan ing selami-laminipun, margi
mboten badhé angsal damel. Wirangipun
mboten badhé wonten telasipun.
12 Dhuh Pangéran, Allah Ingkang
Mahakwaos, Pandadar Paduka menika
adil! Paduka pirsa menapa ingkang
wonten ing batosipun para manungsa.
Kawula badhé sumerep paukuman
ingkang Paduka paringaken dhateng
para mengsah kawula, margi prekawis
kawula sampun kawula pasrahaken ing
asta Paduka.
13 Padha memujia marang Allah!
Luhurna asmané! Awit Panjenengané
ngluwari wong kang siniya-siya saka
tangané wong duraka!
14 Kenaa ing laknat dina kelairanku!
Dilalèkna dinané biyungku enggoné
nglairaké aku!
15 Kenaa ing laknat wong sing nggawa
kabar kabungahan marang bapakku,
"Kowé wis kaparingan anak lanang!"
16 Wong mau dadia kaya kutha-kutha
sing digempur déning Allah tanpa welas.
Wong mau yèn ésuk krungu swarané

wong sesambat, lan yèn awan krungu swaraning perang.
17 Merga wong mau ora matèni aku sadurungé aku dilairaké, dadiné aku rak bakal mati ana ing wetengé biyungku?
18 O, yagéné aku kokdilairaké? Apa mung supaya aku ngalami pagiris lan kasusahan, sarta mungkasi uripku srana nandhang kwirangan?

21

1 Zedekia raja Yéhuda ngutus Pasyhur bin Malkia lan Imam Zéfanya bin Maaséya nemoni aku karo diweling mengkéné,
2 "Kula aturi neges dhateng kersanipun Pangéran kanggé kula, margi Raja Nebukadnésar saking Babil lan tentaranipun badhé ngepung kitha Yérusalèm. Mbok menawi Pangéran kersa damel kaélokan lan nundhung Nebukadnésar késah saking ngriki."
3 Pangéran banjur ngandika marang aku, lan aku nglantaraké pangandika mau marang para utusané Zedekia.
4 Pangandikané Pangéran Allahé Israèl marang Zedekia mengkéné, "Zedekia, tentaramu sing perang nglawan raja Babil bakal Dakulungaké marang mungsuhé. Gegamané para prejuritmu

bakal Daktumpuk ana ing tengahé
kutha.
5 Kowé bakal Daklawan nganggo
pangwasa-Ku, paukuman-Ku, wewelak-
Ku[m] lan duka-Ku.
6 Saben wong sing manggon ing kutha
kono bakal Dakpatèni. Manungsa lan
kéwan bakal padha mati merga pageblug
sing nggegirisi.
7 Nanging kowé, para pegawému
lan rakyat kekarèné sing ora mati
merga déning pedhang, paceklik
utawa pageblug, bakal Dakulungaké
marang tangané Raja Nebukadnésar lan
mungsuh-mungsuhmu liyané, sing arep
padha matèni kowé. Kowé bakal dipatèni
déning Nebukadnésar, tanpa diéman
utawa diwelasi."
8 Aku banjur didhawuhi Pangéran
kandha karo rakyat mengkéné,
"Rungokna! Pangéran ngandika
mengkéné, ‘Miliha endi sing
kokkarepaké, dalan sing anjog ing
urip apa dalan sing anjog ing pati.
9 Sapa sing milih tetep manggon ing
kutha kéné bakal mati déning pedhang

---

[m]wewelak: paukuman wujud sesakit, bebaya, lss.

utawa mati kaliren utawa mati merga
saka pageblug. Nanging sing sapa metu
saka kutha, banjur pasrah marang wong
Babil, sing saiki ngepung kutha iki, bakal
ora dipatèni, bakal diuripi.
10 Aku wis gawé putusan ora bakal
ngéman kutha iki, malah arep Dakrusak
babar-pisan. Bakal Dakulungaké marang
raja Babil, sing bakal ngobong kutha
iki nganti tapis. Aku, Pangéran wis
ngandika.’"
11 Aku banjur didhawuhi déning
Pangéran nerusaké pangandikané
marang para wargané kraton
Yéhuda, tedhaké Dawud mengkéné,
"Pangandikanipun Pangéran dhateng
panjenengan sedaya mekaten, ‘Saben
dina nindakna keadilan. Wong sing
disiya-siya luwarana saka tanganė wong
duraka. Yèn ora, durakamu bakal njalari
paukuman-Ku kaya geni sing ora kena
disirep.’
12 (21:11)
13 Hé Yérusalèm, kowé manggon ing
sandhuwuré lebak, kaya parang sing
muncul saka tanah ngaré. Nanging kowé
bakal Daklawan. Rumangsamu ora ana

wong sing bisa nyerang utawa nrobos
bètèngmu.
14 Nanging Aku bakal males sakèhé
piala sing wis koklakoni. Kedhatonmu
bakal Dakobong lan geniné bakal mangsa
samubarang kang ana ing kiwa-tengené.
Aku, Pangéran wis ngandika!"
22 1 Aku didhawuhi déning Pangéran
sowan ing ngarsané ratu ing
Yéhuda, tedhaké Dawud, lan ana
ing kana ngaturi pirsa marang Sang
Prabu lan para pegawéné, sarta para
umat sing manggon ing Yérusalèm,
bab pangandikané Allah sing dhawuh
mengkéné,
2 (22:1)
3 "Aku, Pangéran dhawuh marang
kowé, supaya padha nglakoni apa sing
adil lan bener. Ngayomana wong sing
disiya-siya, luwarana saka tangané wong
ala sing nganiaya. Aja nganiaya wong
manca sing manggon ing tengahmu,
bocah lola lan para randha. Aja matèni
wong sing ora salah ana ing Pedalemané
Allah.
4 Yèn kowé ngèstokaké temenan apa
sing Dakdhawuhaké, tedhak-turuné
Dawud bakal lestari dadi raja. Para raja

lan para pegawéné sarta umat kabèh,
bakal lestari mlebu-metu ing gapurané
kedhaton nunggang kréta lan jaran.
5 Nanging yèn kowé ora ngèstokaké
dhawuh-Ku, Aku wis supaos demi
asma-Ku piyambak, yèn kedhaton iki
bakal dadi gempuran. Aku, Pangéran wis
ngandika."
6 "Kanggoné Aku, kedhatoné raja
Yéhuda kuwi éndahé kaya tanah
ing Giléad, iya kaya gunung-gunungé
Libanon. Éwasemono bakal Dakdadèkaké
ara-ara samun lan tanah sing suwung.
7 Aku ngutus wong-wong mrana sing
bakal padha nggempur. Tekané bakal
padha nggawa wadung, banjur padha
negor lan ngrubuhaké wit-wité èrès sing
becik-becik, kacemplungaké ing geni."
8 "Wong manca sing mbésuk padha
liwat ing kono bakal padha takon-tinakon
mengkéné, ‘Yagéné Pangéran damel
mengkéné marang negara gedhé iki?’
9 Nuli bakal padha diwangsuli, ‘Kuwi
merga umaté wis padha ninggal janjiné
Pangéran, Allahé, lan padha ngabekti
marang allah liya-liyané.’"
10 Hé wong Yéhuda, aja nangisi Raja
Yosia; aja nganakaké patangisan ing

wektu panguburané. Nanging tangisana
Yoahas, putrané, sing ditawan lan digawa
lunga, mangka ora bakal bali menèh
selawas-lawasé. Ora bakal weruh tanah
wutah-getihé menèh.
11 Pangandikané Allah ing ngatasé
Yoahas bin Yosia, sing nggentèni
bapakné dadi raja ing Yéhuda, "Yoahas
bakal lunga saka kéné lan ora bali
menèh.
12 Yoahas bakal mati ing tanah
pembuwangan, lan ora bakal weruh
tanah iki menèh."
13 Hé, Raja Yoyakim! Cilaka wong sing
mbangun omahé nganggo tumindak
ala, lan njemberaké gedhongé nganggo
laku goroh. Sing kongkon buruhé
nyambut-gawé, tanpa diwènèhi opah.
14 Cilaka wong sing muni, "Dakgawé
omah sungsun sing gedhé, nganggo
kamar-kamar sing jembar." Omah mau
banjur dipasangi jendhéla nganggo
kusèn-kusèn kayu èrès, sarta dicèt
abang.
15 Apa yèn wis yasa omah saka kayu
èrès, enggonmu dadi raja banjur
luwih becik, ngungkuli raja liya-liyané?
Bapakmu nindakaké kabeneran lan

keadilan, mula kaparingan umur dawa
lan apa sing ditindakaké kasil.
16 Wong mlarat dilayani kanthi adil, lan
becik tangkepé marang saben wong. Iya
kaya mengkono kuwi lakuné wong sing
precaya marang Allah.
17 Nanging kowé mung mikir marang
awakmu dhéwé; kowé matèni wong
sing ora salah sarta umatmu dhéwé
koksiya-siya lan koktindhes. Aku,
Pangéran wis ngandika!
18 Pangéran banjur ngandika ing
ngatasé Yoyakim bin Yosia, raja ing
Yéhuda, "Ora ana wong sing nangisi
patiné lan muni, ‘Mesakaké temen
sedulurku! Memelas temen mitraku!’
Iya ora ana sing nangis karo sesambat,
‘Dhuh Gusti kawula’, ‘Dhuh ratu kawula!’
19 Enggoné dikubur carané bakal kaya
wong mendhem kuldi, disèrèd banjur
dibuwang ing sanjabaning gapurané
Yérusalèm."
20 Hé wong-wong ing Yérusalèm,
menyanga Libanon lan kandhaa, lungaa
menyang Basan lan nangisa; merga
sakèhé mitramu wis padha tumpes.
21 Nalika kowé isih padha mukti wibawa,
Aku wis ndhawuhi kowé, nanging kowé

padha ora gelem ngrungokaké. Pancèn
mengkono caramu wiwit biyèn mula;
kowé ora tau ngèstokaké dhawuhé
Pangéran.
22 Para penggedhému bakal kabur
katerak ing angin, para mitramu
bakal kaboyong dadi tawanan perang;
kutha-kuthamu bakal dikalahaké lan
digawé wirang, merga saka sakèhé piala
sing wis koktindakaké.
23 Hé wong sing padha manggon ana ing
omah-omah kayu èrès, sing ditekakaké
saka Libanon. Mesakaké temen samasa
kowé mbésuk ketaman ing lelara, lelara
sing tekané dadakan, kaya wong wadon
sing nglarani arep bayèn.
24 Pangandikané Pangéran marang
Raja Yoyakhin bin Yoyakim, raja Yéhuda
mengkéné, "Demi Aku, Allah kang
gesang, senajan kowé dadia ali-ali cap
ing asta-Ku tengen, éwasemono kowé
bakal Dakcopot saka ing kono,
25 lan Dakulungaké marang tangané
wong sing ngarah matèni kowé.
Kowé bakal Dakulungaké marang
Nebukadnésar, ratu ing Babil, lan para
tentarané.

26 Kowé lan ibumu bakal padha
Dakbuwang ing tanah sing dudu tanah
kelairanmu, lan kowé padha bakal mati
ana ing kana.
27 Kowé bakal kepéngin bali menyang
tanahmu ing kéné menèh, nanging bakal
ora kelakon mulih."
28 Aku banjur matur, "Menapa Raja
Yoyakhin menika kados grabah pecah
ingkang kabucal, utawi presasat pirantos
ingkang sampun mboten kanggé,
ngantos katampik ing tiyang? Menapa
margi saking mekaten piyambakipun
kabucal dalah saanak-anakipun dhateng
tanah ngamanca?"
29 Hé tanah, tanah, tanah! Rungokna
pangandikané Pangéran,
30 "Wong kuwi tulisen yèn ora duwé
anak; wong sing sajegé uripé ora olèh
gawé, sebab turuné bakal ora ana sing
bisa dadi raja, lungguh ing dhamparé
Dawud, sarta ngerèh tanah Yéhuda. Aku
Pangéran wis ngandika!"

23 1 Cilaka para pangon sing
njalari umaté Allah tumpes lan
kocar-kacir!
2 Pangandikané Pangéran, Allahé
Israèl marang para raja lan wong-

wong sing mesthiné kudu ngrumati
umat kagungané Allah, "Kowé padha
ora mbeciki umat-Ku, malah padha
kokbuyaraké lan kokgusahi. Saiki
kowé bakal Dakukum merga piala sing
koklakoni.
3 Kekarèné wedhus-Ku bakal
Dakklumpukaké saka tanah-tanah
panggonané mencar, lan Dakbalèkaké
menyang tanahé dhéwé. Bakal padha
tangkar-tumangkar, mula mundhak akèh
cacahé.
4 Aku bakal ngangkat raja-raja lan
penggedhé-penggedhé sing ngrumati
kanthi gemati. Umat-Ku bakal ora krasa
wedi lan giris, sarta bakal ora Dakukum
menèh. Aku, Pangéran wis ngandika!"
5 Pangéran ngandika menèh mengkéné,
"Bakal tekan wektuné, Aku nimbali saka
turuné Dawud, raja sing ngerèh tanahé
kanthi wicaksana, adhedhasar keadilan
lan kabeneran.
6 Samasa pepréntahané raja mau
Yéhuda bakal ayem, lan umat Israèl
uripé bakal tentrem. Asmané raja mau
bakal kasebut: ‘Pangéran Juru Slamet
kita.’"

7 "Bakal tekan wektuné," mengkono
pangandikané Pangéran, "Wong padha
ora sumpah nganggo nyebut asma-Ku,
Allah sing ngentas Israèl saka tanah
Mesir,
8 nanging bakal padha sumpah nganggo
nyebut asma-Ku, Allah Kang Gesang,
sing mbalèkaké umat Israèl saka tanah-
tanah Lor, lan saka sakèhé tanah-tanah
liyané panggonané dibuyaraké déning
Allah. Wong-wong mau bakal padha
manggon ing tanahé dhéwé."
9 Atiku remuk, aku gemeter, merga
saka Pangéran lan pangandikané. Aku
kaya wong mendem, kaya wong sing
kakèhan ngombé anggur.
10 Tanah Yéhuda wis kebak wong sing
nyingkur marang Pangéran! Uripé kebak
piala lan enggoné ngerèh sewenang-
wenang. Mulané tanahé ngenes merga
diipat-ipati déning Pangéran, lan ara-ara
pangonané dadi garing.
11 Pangandikané Pangéran, "Para nabi
lan para imam padha ora kenal karo
Allah. Aku mergoki enggoné padha
nindakaké piala ana ing Pedaleman-Ku.
12 Dalan sing diambah kuwi lunyu lan
peteng; ana ing kono bakal Dakgawé

kesandhung lan tiba. Aku bakal nekakaké
bebaya, merga wis tekan wektuné padha
nampa paukuman. Aku, Pangéran wis
ngandika!"
13 Aku pirsa dosa-dosané para nabi
ing Samaria, nabi-nabi mau padha
ngramal atas jenengé Baal, nganti padha
nasaraké umat-Ku.
14 Nanging Aku uga pirsa nabi-nabi
sing ana ing Yérusalèm, sing pialané
ngluwihi; kuwi malah padha laku jina lan
seneng ngapusi; padha njlomprongaké
wong supaya padha laku nasar, mula
ora ana sing nyegah wong sing laku ala.
Tumraping Aku nabi-nabi kuwi ora béda
karo wong-wong ing Sodom lan Gomora.
15 Mulané, Aku Pangéran Allah Kang
Mahakwasa ngandika bab para nabi ing
Yérusalèm mau mengkéné, "Wong-wong
kuwi bakal Dakparingi mangan butrawali,
lan wisa minangka ombèn-ombèné,
merga wis padha nyebar piala satanah
kabèh."
16 Pangandikané Allah Kang Mahakwasa
marang wong-wong ing Yérusalèm
mengkéné, "Aja padha nggugu
tembungé para nabi. Wangsit sing
diwedharaké kuwi palsu, manut

pangothak-athiké dhéwé, dudu apa sing Dakngandikakaké.
17 Para wong sing padha nyepèlèkaké pangandika-Ku padha dikandhani, ‘Kowé bakal nemu katentreman.’ Lan wong sing padha mangkotaké atiné dikandhani, ‘Kowé bakal ora ketekan ing bebaya.’"
18 Aku kandha marang wong-wong ing Yérusalèm mengkéné, "Nabi-nabi kuwi ora ngerti penggalihé Allah. Ora ana sing tau krungu utawa ngerti wangsité Pangéran, malah ora tau nanggapi apa menèh nglakoni pangandikané.
19 Paukumané kaya prahara, kaya pangamuké angin lésus sing mulek ana ing sandhuwuré sirahé para wong ala.
20 Lan ora bakal sirep yèn durung rampung enggoné nglakoni utawa nindakaké apa sing dikersakaké Pangéran. Ing wekasané jaman umaté Allah, bakal ngerti kuwi mau kabèh kanthi gamblang."
21 Pangandikané Pangéran, "Para nabi kuwi ora Dakutus, éwasemono padha medhar wangsit atas asma-Ku.
22 Saupama padha ndhèrèk rembugan ana ing ngarsa-Ku, mesthi pangandika-Ku sing dilairaké marang umat-Ku, mula

umat-Ku padha ninggal lakuné sing ala
sarta penggawéné sing ora bener.
23 Aku Allah kang ana ing saenggon-
enggon lan ora mung ana ing saenggon
waé.
24 Ora ana wong sing bisa umpetan,
nganti ora Dakpirsani. Apa kowé ora
weruh yèn Aku ana ing sedhéngah
papan, ing swarga lan ing bumi?
25 Aku wis miyarsa apa sing
dikandhakaké déning para nabi
sing medharaké goroh atas asma-Ku,
pangucapé, ‘Aku olèh impèn.’
26 Nganti pira lawasé para nabi sing
goroh lan martakaké pawarta apus-
apusan sing metu saka atiné dhéwé mau
nasaraké umat-Ku?
27 Karepé supaya srana impèn lan
osik pangothak-athiké dhéwé mau
umat-Ku padha lali marang Aku, kaya
para leluhuré sing nyingkur Aku, banjur
nyembah marang Baal.
28 Nabi sing nampa impèn kudu
kandha yèn sing ditampa mau mung
impèn waé. Nanging nabi sing nampa
pangandika-Ku, medharna pangandika
mau kanthi jujur. Damèn kuwi apa ajiné
katandhing karo gandum?

29 Pangandika-Ku presasat geni, utawa
kaya palu sing ngremuk watu kilang
nganti ajur mumur.
30 Aku nglawan marang para nabi sing
nyolong pangandika-Ku saka kancané,
banjur medharaké kaya-kaya dhèwèké
dhéwé sing nampa wangsit mau.
31 Aku iya nglawan para nabi sing
medharaké tembungé dhéwé, nanging
kandha yèn kuwi pangandika-Ku.
32 Rungokna pangandika-Ku, mengkono
pangandikané Pangéran. Aku nglawan
para nabi sing nyritakaké impèné
apus-apusan, nganti nasaraké umat-Ku
srana gorohé lan umuké. Para nabi mau
ora padha Dakutus utawa Dakweling
medhar wangsit apa-apa, mulané ora
maédahi pisan-pisan marang bangsa iki.
Aku, Pangéran wis ngandika!"
33 Pangéran ngandika mengkéné
marang aku, "Yérémia, yèn ana umat-
Ku, utawa nabi utawa imam takon
marang kowé, ‘Pangéran paring dhawuh
apa?’ Kowé kudu kandha, ‘Kowé kuwi
dadi momotan kagem Allah, mulané
bakal dibuwang.’
34 Menawa ana umat-Ku, utawa
nabi, utawa imam nganggo tembung

‘momotané Allah’, wong kuwi bakal
Daktumpes, mengkono uga brayaté.
35 Nanging saben wong kandhaa
karo kancané utawa seduluré,
‘Dhawuh wangsulané Pangéran utawa
pangandikané Pangéran kepriyé?’
36 Dadi saterusé ora kena padha
muni ‘momotané Allah’, sebab menawa
ana sing muni mengkono, Aku bakal
ndadèkaké pangandika-Ku dadi
momotan temenan kanggo wong mau.
Sebab wong-wong kuwi wis padha
ngowahi pangandikané Allah kang
gesang, Pangéran Kang Mahakwasa.
37 Para nabi padha takonana mengkéné,
‘Dhawuh wangsulané Pangéran kepriyé?’
utawa, ‘Pangandikané Pangéran
kepriyé?’
38 Menawa wong-wong mau padha ora
ngèstokaké dhawuh-Ku lan tetep padha
muni ‘momotané Pangéran’, kandhanana
yèn
39 wong mau bakal Dakjunjung lan
Dakbuwang adoh saka ngarsa-Ku,
bareng karo kutha sing Dakparingaké
marang para leluhuré.

40 Wong-wong mau bakal Dakgawé ora
kajèn lan nandhang wirang sing bakal
ora dilalèkaké ing selawas-lawasé."

24 1 Pangéran nedahi aku kranjang
loro isi woh anjir, sing semèlèh
ana ing ngarepé Pedalemané Allah.
(Kelakoné kuwi sawisé Nebukadnésar,
raja ing Babil, mboyong Raja Yoyakhin
bin Yoyakim, raja Yéhuda, dadi tawanan
digawa saka Yérusalèm menyang Babil,
bebarengan karo para penggedhé
Yéhuda, para undhagi[n] lan para pandhé.)
2 Kranjang sing siji isi woh anjir becik,
yakuwi sing mateng dhisik; liyané isi
woh anjir ala, sing saka alané nganti ora
kena dipangan.
3 Gusti Allah banjur ngandika marang
aku, "Yérémia, kowé weruh apa?" Atur
wangsulanku, "Woh anjir; ingkang
saé menika saénipun nglangkungi,
sarta ingkang awon, awonipun inggih
nglangkungi, saking awonipun ngantos
mboten kénging katedha."
4 Pangéran banjur ngandika marang
aku,
5 "Aku, Pangéran, Allahé Israèl mawas
wong-wong sing kabuwang ing Babil

---

[n]undhagi: tukang prabot balé-griya.

kuwi kena diibarataké woh anjir sing
becik, mulané bakal Dakrumati kanthi
katresnan.
6 Bakal Dakreksa lan Dakbalèkaké
menèh ing tanahé dhéwé. Bakal
Dakbangun lan ora Dakrusak. Bakal
Daktandur lan ora Dakbedhol;
7 bakal Dakparingi ati sing precaya
marang Aku, yèn Aku iki Allah sarta
bakal padha dadi umat-Ku, lan Aku dadi
Allahé, merga bakal padha mratobat
marang Aku kanthi éklasing atiné.
8 Déné mungguh Zedekia, raja Yéhuda,
lan para penggedhé sarta sakekarèné
wong ing Yérusalèm sing isih ana
ing tanah iki, apa menèh sing padha
manggon ing tanah Mesir, bakal
Dakpatrapi padha kaya woh anjir sing
ala, sing saking alané nganti ora kena
dipangan.
9 Aku bakal nekakaké bebaya marang
wong-wong mau nganti para bangsa ing
bumi padha giris kabèh. Wong-wong
mau bakal dipoyoki, digawé lelucon,
dirèmèhaké, lan jenengé dienggo
nyupatani wong, ana ing ngendi-endi
parané padha Daktundhung.

10 Aku bakal nekakaké perang, paceklik
lan pageblug marang wong-wong mau
nganti padha tumpes tapis saka tanah
sing Dakparingaké marang wong-wong
mau lan para leluhuré."

25 1 Nyandhak taun kapaté Yoyakim
bin Yosia jumeneng raja ing
Yéhuda, aku kaparingan wangsit déning
Pangéran, gandhèng karo sakèhé
wong sing ana ing Yéhuda. (Kuwi taun
kapisané Nebukadnésar jumeneng raja
ing Babil.)

2 Aku banjur medhar pangandikané
Allah marang sakèhé wong ing Yéhuda
lan ing Yérusalèm mengkéné,

3 "Wis telulikur taun lawasé, yakuwi
wiwit taun kaping telulasé Yosia bin
Amon jumeneng raja ing Yéhuda nganti
sepréné, Pangéran paring wangsit
marang aku, lan tansah dakterusaké
marang kowé. Nanging kowé ora tau
nggatèkaké.

4 Kowé ora gelem ngrungokaké,
apa menèh mbangun-turut, senajan
Pangéran ora kèndel-kèndel ngutus para
abdiné, yakuwi para nabi.

5 Para nabi mau padha nuturi kowé
supaya padha mratobat saka lakumu

sing ala lan saka duraka sing koklakoni,
supaya lestari pamanggonmu ana ing
tanah sing diparingaké déning Pangéran
marang para leluhurmu dadi tanah
warisan.
6 Kowé padha dipituturi supaya aja
padha nyembah brahala lan memungu
dukané Pangéran merga nyembah
marang reca-reca gawéané tanganmu.
Yèn kowé ngèstokaké dhawuhé Pangéran
mau Panjenengané bakal ora ngukum
kowé.
7 Nanging Pangéran piyambak ngandika
yèn kowé padha ora gelem ngrungokaké
dhawuhé. Malah kowé padha memungu
dukané srana reca-recamu. Srana
mengkono kowé nekakaké paukuman
kanggo awakmu dhéwé.
8 Sarèhné kowé padha ora gelem
ngrungokaké Panjenengané, Pangéran
Allah Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné,
9 ‘Aku bakal nimbali bangsa-bangsa
saka Lor lan abdi-Ku Nebukadnésar
saka Babil. Dakdhawuhi perang nglawan
Yéhuda lan wong-wong sing padha
manggon ing kono, sarta bangsa-
bangsa sing ana ing kiwa-tengené.

Bangsa Yéhuda lan bangsa-bangsa
sacedhaké kono bakal Daktumpes nganti
dadi ludhesan selawas-lawasé. Aku,
Pangéran, wis ngandika!
10 Aku bakal mbungkem swaraning
wong sing padha bungah-bungah lan
swarané wong sing padha giyak-giyak
ing pésta mantèn. Bakal padha kentèkan
lenga kanggo ngurubaké lampuné lan
kentèkan gandum.
11 Tanah iki kabèh bakal mung isi
jugrugan sing nggegirisi. Déné bangsa-
bangsa sakiwa-tengené bakal padha
ngawula marang raja Babil nganti pitung
puluh taun lawasé.
12 Sawisé mengkono Babil dhéwé
lan rajané bakal Dakukum merga
saka dosané. Babil bakal Daktumpes.
Dakdadèkaké ara-ara samun lan
ludhesan ing selawas-lawasé.
13 Babil bakal Daktumpes srana
paukuman kaya sing Dakagem numpes
bangsa-bangsa kaya sing Dakwedharaké
marang Yérémia sadurungé — yakuwi
sakèhé paukuman kang kasebut ing
Kitab iki.
14 Babil bakal Dakwales manut
penggawéné marang bangsa-bangsa.

Bangsa Babil bakal dadi kawulané
bangsa-bangsa liyané lan dadi batur-
tukoné raja-raja agung.’"
15 Pangéran, Allahé Israèl, ngandika
mengkéné marang aku, "Iki tuwung
anggur kang isi paukuman-Ku. Tuwung
iki iderna marang para bangsa sing kudu
nampani pangandika-Ku. Konen padha
ngombé saka tuwung iki.
16 Yèn padha ngombé banjur bakal
padha sempoyongan lan ora mikir bab
perang sing bakal Daktekakaké."
17 Tuwung mau banjur daktampani
saka astané Pangéran, sarta dakideraké
marang bangsa-bangsa kabèh sing
daktekani. Bangsa-bangsa mau banjur
padha ngombé kabèh saka tuwung mau.
18 Yérusalèm lan kutha-kuthané
Yéhuda, para raja lan para penggedhéné
kabèh padha ngombé saka tuwung mau,
mula satanah kono kabèh bakal dadi
ara-ara samun sing nggegirisi, lan wong
bakal padha nyupatani awaké dhéwé,
kaya sing kelakon tekan sepréné.
19 Iki daftaré wong-wong liyané sing
kudu padha ngombé saka tuwung
mau: Raja Mesir, para pegawé lan
para pemimpin, wong Mesir kabèh

lan wong-wong manca sing padha
manggon ing kono; para rajané tanah
Uz; para rajané kutha-kutha Filistin,
Askelon, Gaza, Ékron; lan kekarèné
Asdod; wong-wong Édom, Moab lan
Amon; para rajané Tirus lan Sidon; para
rajané tanah-tanah Segara Tengah.
Kutha-kuthané Dédan, Téma lan
Bus. Wong-wong sing padha ngethok
rambuté nganti cendhak; raja-raja Arab
kabèh; raja-rajané bangsa-bangsa sing
manggon ing ara-ara samun; raja-rajané
Zimri, Élam lan Média kabèh; raja-raja
tanah-tanah Lor, sing adoh lan sing
cedhak, gentènan. Ringkes bangsa
kabèh ing salumahé bumi kudu padha
ngombé saka tuwung mau. Sing kèri
dhéwé ngombé saka tuwung mau raja
Babil.
20 (25:19)
21 (25:19)
22 (25:19)
23 (25:19)
24 (25:19)
25 (25:19)
26 (25:19)
27 Pangéran banjur ngandika
marang aku mengkéné, "Wong-

wong kandhanana yèn Aku, Pangéran
Kang Mahakwasa, Allahé Israèl, sing
dhawuh supaya wong kabèh padha
ngombé nganti mendem lan mutah-
mutah, nganti padha ambruk lan ora bisa
ngadeg menèh, merga saka peprangan
sing Daktekakaké.
28 Lan menawa ana sing ora gelem
nampani tuwung mau saka tanganmu
lan ngombé saka kono, kandhanana yèn
Pangéran Kang Mahakwasa sing paring
dhawuh sing ndhawuhi wong-wong mau,
supaya ngombé saka tuwung mau.
29 Aku bakal miwiti ngrusak ana ing
negara-Ku dhéwé. Apa dikira wong-wong
kuwi bisa lolos saka paukuman-Ku? Ora.
Wong-wong ing kutha iya bakal kaukum,
jalaran Aku bakal nekakaké perang
marang para bangsa ing salumahing
bumi. Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
wis ngandika.
30 Déné kowé Yérémia, kudu
medhar sakèhé pangandika kang
wis Dakparingaké marang kowé.
Kandhakna karo wong-wong mau
mengkéné, ‘Pangéran bakal nyuwanten
sora saka swarga kaya swarané
gludhug saka pucaké gunung-gunung.

Panjenengané bakal ngandika kalawan
swara sora marang umaté, bakal kaya
mbengoké wong sing lagi ngidak-idak
anggur ing pemipitan. Saben wong ing
bumi bakal krungu pangandikané.
31 Swantené bakal ngumandhang tekan
pojok-pojoking bumi. Pangéran bakal
mengsahan karo bangsa-bangsa ing
bumi. Wong kabèh bakal padha diadili.
lan wong ala bakal didhawahi ukuman
pati, Pangéran wis ngandika.’"
32 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
yèn bebaya bakal tular-tumular nekani
bangsa-bangsa, bangsa siji gentèn
sijiné, lan ana prahara gedhé jumedhul
saka pungkasané bumi.
33 Ing dina kuwi jisim-jisimé wong-wong
sing dipatèni déning Pangéran bakal
sumebar saenggon-enggon ana ing
bumi. Ora ana wong sing nangisi
jisim-jisim mau, lan ora ana sing digawa
lunga lan dikubur. Bakal padha ditumpuk
ana ing lemah kaya kotoran sing kanggo
rabuk.
34 Hé para pemimpin, lan para pangoné
umat-Ku, padha nangisa sing seru!
Padha nangisa lan gulung-gulunga ana
ing lemah. Merga wis tekan mangsané

enggonmu padha disembelèh lan dijagal
kaya wedhus lanang.
35 Kowé bakal ora bisa oncat saka kono.
36 Kowé bakal sesambat lan nangis
merga sedhih, merga Pangéran srana
paukumané wis numpes bangsamu lan
ndadèkaké tanahmu sing tentrem dadi
gempuran.
37 (25:36)
38 Pangéran wis nilar umaté, kaya
singa sing metu saka guwané. Pagirising
perang lan bentèring bebenduné
Pangéran wis malik tanah mau dadi
ara-ara samun.

26 1 Ora let suwé enggoné Yoyakim
bin Yosia jumeneng raja ana ing
Yéhuda.
2 Pangéran ngandika marang aku
mengkéné, "Kowé ngadega ana
ing plataranė Pedalemané Allah lan
medharna marang wong-wong sing
padha teka saka kutha-kuthané Yéhuda
arep manembah, sakèhé pangandika
sing wis Dakdhawuhaké marang kowé,
aja ana sing kecècèr.
3 Mbokmenawa wong-wong mau padha
gelem ngrungokaké lan mratobat saka
lakuné sing ala. Yèn mengkono Aku bakal

ngowahi rancangan-Ku bab enggon-Ku
bakal nekakaké paukuman marang
wong-wong mau, merga saka piala sing
padha dilakoni."
4 Pangéran dhawuh marang aku supaya
ngandhani wong-wong mau mengkéné,
"Aku, Pangéran, wis paring dhawuh
yèn kowé kudu padha mbangun-turut
marang piwulang sing wis Dakparingaké
marang kowé.
5 Lan supaya nggatèkaké tembungé
para abdi-Ku, yakuwi para nabi, sing
ora kendhat-kendhat Dakutus nekani
kowé. Nanging kowé ora tau ngèstokaké
dhawuh-Ku.
6 Yèn kuwi kokterus-terusaké,
Pedalemané Allah iki bakal Dakgawé
kaya Silo, lan sakèhé bangsa ing bumi
bakal nganggo jenengé kutha iki kanggo
ngipat-ipati."
7 Para imam, para nabi lan sakèhé
wong sing ana ing platarané Pedalemané
Allah kono padha krungu apa sing
dakkandhakaké.
8 Sawisé rampung enggonku
nglantarakaké pangandikané Allah
kabèh, aku banjur dicekel déning

wong-wong mau karo padha muni,
"Cekaké kowé kudu mati!
9 Merga tembungmu ora nggenah!
Yagéné kowé muni atas asmané
Pangéran yèn Pedaleman iki bakal
ngalami kaya Silo, lan kutha iki bakal
katumpes, nganti wongé entèk kabèh?"
Wong-wong mau padha ngrubung aku.
10 Bareng para penggedhéné Yéhuda
padha krungu, banjur énggal-énggal
padha metu saka kedhaton menyang
Pedalemané Allah, sarta padha lungguh
ing Gapura Anyar.
11 Para imam lan para nabi banjur
padha kandha karo para penggedhé lan
rakyat sing ana ing kono mengkéné,
"Tiyang menika kedah kaukum pejah
margi criyos bilih kitha menika badhé
katumpes kados ingkang panjenengan
pireng piyambak."
12 Aku banjur muni mengkéné,
"Pangéran sampun ngutus kula,
nerangaken dhateng panjenengan bab
samukawis ingkang badhé kedadosan
bab Pedalemanipun Allah menika.
13 Maksudipun supados panjenengan
ngéwahi gesang panjenengan lan
solah tingkah panjenengan, sarta

mbangun-turuta dhateng Pangéran,
Allah panjenengan. Menawi menika
panjenengan lampahi, Pangéran badhé
ngéwahi rancanganipun enggènipun
badhé ndhatengaken karisakan dhateng
panjenengan.
14 Nanging menggah kula, kula purun
panjenengan menapakaken kémawon,
ingkang panjenengan anggep saé lan
leres.
15 Nanging panjenengan kedah émut
saprekawis: Menawi kula panjenengan
pejahi, menika ateges bilih panjenengan
lan rakyat ing kitha menika ngwutahaken
rahipun tiyang resik, margi ingkang
ngutus kula ngémutaken panjenengan
menika Pangéran piyambak."
16 Para penggedhé lan wong akèh
sing ana ing kono banjur kandha karo
imam lan para nabi mengkéné, "Tiyang
menika nglantaraken pangandikanipun
Pangéran, Allah kita, pramila sampun
ngantos dipun pejahi!"
17 Sawisé mengkono banjur ana
pinituwa sawetara sing ngadeg lan
ngandhani wong akèh sing ana ing kono
mengkéné,

18 "Nalika Hizkia jumeneng raja ing
Yéhuda, Nabi Mikha saking Morèsyèt,
naté medhar wangsit dhateng tiyang-
tiyang, bilih Pangéran, Allah Ingkang
Mahakwasa ngandika mekaten, ‘Sion
bakal diluku kaya sawah, Yérusalèm
bakal dadi gempuran, lan Pedalemané
Allah bakal dadi alas.’
19 Raja Hizkia lan tiyang-tiyang Yéhuda
mboten lajeng mejahi Nabi Mikha, malah
Hizkia lajeng mratobat lan ngangkah
pikantuk sihipun Pangéran malih. Mila
Pangéran lajeng ngéwahi penggalihipun
lan mbatalaken enggènipun badhé
ndhatengakaken karisakan. Samenika,
menapa kita badhé ndhatengakaken
bebaya ingkang semanten agengipun
dhateng badan kita piyambak?"
20 Ing kono ana wong siji menèh,
jenengé Uria bin Semaya, saka Kiryat-
Yéarim, sing iya medhar wangsit atas
asmané Pangéran, bab bilai sing bakal
nekani kutha Yérusalèm, kaya sing
diwedharaké déning Yérémia.
21 Nalika Sang Prabu Yoyakim lan para
prejuriité sarta pegawé krungu pamedhar
wangsité Uria, Sang Prabu banjur ngarah
arep matèni Uria. Bareng krungu sing

mengkono mau, Uria saka wediné banjur
ngungsi menyang tanah Mesir.
22 Nanging Raja Yoyakim nuli utusan
Èlnatan bin Akhbor lan wong sawetara
nututi menyang Mesir nyekel Uria.
23 (Uria digawa bali ing ngarsané Raja
Yoyakim. Yoyakim banjur dhawuh matèni
Uria. Layoné dikubur ana ing kuburan
umum.)
24 Nanging sarèhné aku diayomi
déning Ahikam bin Safan, mula aku ora
diulungaké ing tangané wong akèh mau
lan dipatèni.

27 1 Sawisé Yosia bin Zedekia
jumeneng raja ing Yéhuda, ora
wetara suwé Pangéran ngandika marang
aku
2 supaya gawé pasangan,[o] banjur
masang pasangan mau ana ing githokku.
3 Aku banjur didhawuhi medhar wangsit
kanggo raja-raja Édom, Moab, Amon,
Tirus lan Sidon, lumantar para utusan
sing padha sowan Sang Prabu Zedekia
ana ing Yérusalèm.
4 Pangéran Kang Mahakwasa,
Allahé Israèl ngutus aku medharaké

---

[o]pasangan: rakitan (bhs. Ind.).

pangandikané marang para raja mau
mengkéné,
5 "Srana kasektèn lan pangwasa-Ku
Aku nitahaké jagad lan manungsa sarta
sakèhé kéwan sing urip ana ing bumi.
Dakparingaké marang sapa waé, sing
Dakpilih.
6 Lan saiki Aku maringaké sakèhé
bangsa iki ana ing tangané abdi-Ku
Nebukadnésar raja ing Babil, dalah
sakèhé kéwan galak pisan Dakparingaké
ing tangané supaya padha sumuyuda.
7 Para bangsa kabèh bakal sumuyud
marang raja mau, lan bakal padha
ngawula anak-anak lan putu-putuné,
nganti tekan mangsané negara Babil
dhéwé rubuh. Bangsa kuwi banjur bakal
dadi kawulané bangsa-bangsa gedhé lan
raja-raja sing nelukaké.
8 Yèn ana bangsa utawa kraton
sing mbaléla marang Nebukadnésar,
bangsa mau bakal Dakukum srana
perang, paceklik lan pageblug, nganti
wekasané ditumpes babar-pisan déning
Nebukadnésar.
9 Aja padha ngandel karo nabi-nabimu
utawa karo wong sing kandha bisa
ngramal apa sing bakal kelakon, iya

srana impèn, utawa srana neges marang roh-rohé wong mati, utawa srana sihir. Karepé wong-wong mau supaya kowé aja padha gelem teluk karo Nebukadnésar, raja ing Babil.
10 Sejatiné wong-wong mau padha ngapusi kowé, nganti njalari kowé dibuwang saka tanahmu kéné, sebab kowé banjur bakal Daktundhung saka kéné, sarta Dakbuyaraké.
11 Nanging bangsa sing teluk marang Nebukadnésar, raja ing Babil, lan gelem dadi kawulané, bakal Daklestarèkaké ngenggoni tanahé dhéwé, nggarap tanahé lan urip ana ing kono. Aku, Pangéran wis ngandika!"
12 Aku ngaturaké pangandika mau kabèh marang Raja Zedekia, raja ing Yéhuda, aturku, "Sang Prabu kula aturi teluk dhateng raja ing Babil kémawon, sarta ngawula dhateng raja lan rakyatipun, temtu Sang Prabu badhé lestantun gesang.
13 Menapa ginanipun Sang Prabu lan rakyat sedaya ngalami pejah wonten ing peprangan utawi margi déning paceklik lan pageblug? Sebab miturut dhawuhipun Pangéran kados mekaten

ingkang badhé dipun alami déning
saben bangsa ingkang mboten tundhuk
dhateng raja ing Babil.
14 Sampun nggega dhateng
tembungipun para nabi ingkang
menggak Sang Prabu teluk dhateng
Nebukadnésar. Nabi-nabi menika sami
ngapusi Sang Prabu.
15 Pangéran piyambak sampun
ngandika, bilih mboten ngutus nabi-nabi
menika, nanging nabi-nabi menika
sami goroh dhateng Sang Prabu atas
asmanipun Allah, mila Sang Prabu badhé
katumpes déning Allah, badhé sami
kapejahan, inggih Sang Prabu, inggih
para nabi ingkang sami nggorohi Sang
Prabu."
16 Aku banjur kandha karo para
imam lan rakyat yèn Pangéran wis
ngandika mengkéné, "Aja padha
nggugu karo para nabi sing kandha yèn
raja-branané Pedalemané Allah bakal
énggal kabalèkaké menèh saka Babil.
Nabi-nabi kuwi ngapusi kowé.
17 Mulané aja kokgugu! Teluka karo
raja ing Babil, kowé bakal lestari urip!
Apa paédahé yèn kutha-kuthamu dadi
gempuran?

18 Yèn nabi temenan lan nampa wangsit
saka Aku, karebèn nyuwun marang Aku,
Pangéran Kang Mahakwasa, supaya aja
marengaké kekarèné raja-brana sing
ana ing Pedalemané Allah lan ana ing
kedhaton kaboyong menyang Babil."
19 (Nalika Sang Prabu Nebukadnésar
mboyong Yoyakhin bin Yoyakim raja
ing Yéhuda menyang Babil, semono
uga para pengarepé wong Yéhuda lan
wong Yérusalèm, panjenengané nilar
rerenggané cagak-cagak, segaran saka
prunggu, kréta rerékan lan rerenggan
Pedalemané Allah liyané.)
20 (27:19)
21 "Rungokna dhawuh-Ku, Pangéran
Kang Mahakwasa, Allahé Israèl, ing
ngatasé raja-brana sing kari ana ing
Pedalemané Allah lan ing kedhaton ing
Yérusalèm.
22 Barang-barang mau bakal diusungi
menyang Babil lan tetep ana ing
kana, nganti tekan titi-mangsané Aku
menggalih menèh. Aku banjur bakal
mbalèkaké barang-barang mau ing kono
menèh. Aku, Pangéran wis ngandika."

28 1 Ing sajroning taun kuwi uga,
nalika Zedekia enggoné jumeneng

raja nyandhak taun kaping pat, sasi
lima, Hananya bin Azur, nabi saka kutha
Gibéon nemoni aku ana ing platarané
Pedalemané Allah. Ana ing ngarepé para
imam lan wong akèh Hananya kandha
karo aku,
2 yèn Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé
Israèl, ngandika mengkéné, "Pasangané
raja ing Babil wis Dakputung.
3 Ing sajroné rong taun iki Aku
bakal ngulihaké sakèhé raja-branané
Pedalemané Allah, sing dirampas déning
Raja Nebukadnésar, ratu ing Babil, lan
diusungi menyang Babil.
4 Aku uga bakal mbalèkaké Yoyakhin
bin Yoyakim, raja ing Yéhuda, semono
uga sakèhé wong Yéhuda sing kabuwang
menyang ing Babil. Pasangané raja ing
Babil bakal Dakputung, Aku, Pangéran
wis ngandika!"
5 Ana ing ngarepé para imam lan
wong akèh sing padha ngadeg ana ing
platarané Pedalemané Allah aku banjur
kandha karo Hananya mengkéné,
6 "Becik banget! Muga-muga Pangéran
kersa tumindak mengkono! Muga-muga
ramalanmu kelakon temenan; Pangéran
mangsulaké raja-branané Pedalemané

Allah lan sakèhé wong sing ditawan
digawa menyang Babil.
7 Nanging rungokna tembungku marang
kowé lan marang wong akèh sing ana
ing kéné.
8 Para nabi ing jaman kepungkur,
suwé sadurungé aku lan kowé ana,
padha ngramal yèn akèh bangsa-bangsa
lan kraton-kraton sing bakal ketekan
peprangan, paceklik lan pageblug.
9 Déné nabi sing ngramal bakal anané
katentreman, bisané diakoni yèn pancèn
utusané Pangéran, yèn ramalané mau
kelakon temenan."
10 Hananya banjur njupuk pasangan
sing ana ing guluku, banjur diputung,
11 karo muni ing ngarepé wong akèh,
"Pangéran ngandika, ‘Ya kaya mengkéné
iki enggon-Ku bakal mutung pasanganè
Raja Nebukadnésar, sing dipasang ana
ing guluné para bangsa; lan kuwi bakal
kelakon sajroné rong taun iki.’" Aku
banjur lunga saka kono.
12 Ora wetara suwé aku banjur diutus
déning Pangéran
13 nemoni Hananya sarta didhawuhi
kandha mengkéné, "Pangéran ngandika
yèn pasangan kayu mau kena

kokputung, nanging Pangéran bakal
masang pasangan liya minangka
gantiné.
14 Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé
Israèl, ngandika, yèn bakal masang
pasangan wesi ing guluné bangsa-
bangsa mau lan bangsa-bangsa kuwi
bakal padha ngawula Nebukadnésar, raja
ing Babil. Malah Pangéran ngandika yèn
para kéwan pisan bakal padha ngawula
marang Nebukadnésar."
15 Sabanjuré aku kandha mengkéné
karo Hananya, "Rungokna Hananya!
Kowé ora diutus déning Pangéran. Kowé
wis ngapusi wong akèh iki.
16 Mulané Pangéran ngandika yèn kowé
bakal ditumpes. Sadurungé taun iki
entèk kowé bakal mati, merga kowé wis
ngajak bangsa iki murtad lan nglawan
marang Pangéran."
17 Ing sasi kapitu taun kuwi Hananya
mati.

29 1 Aku banjur nulis layang marang
para imam, para nabi, para
penggedhé lan rakyat sing padha
ditawan déning Nebukadnésar saka
Yérusalèm menyang Babil.

2 Enggonku nulis mau sawisé Yoyakhin,
ibuné, para pegawé, para penggedhéné
Yéhuda lan Yérusalèm, para tukang lan
para tenaga ahli diwetokaké saka tanah
Yéhuda.
3 Layang kuwi dakwènèhaké marang
Élasa bin Safan lan marang Gemarya bin
Hilkia, sing diutus déning Zedekia, raja
Yéhuda, marang Nebukadnésar, raja ing
Babil. Surasané layang mau mengkéné,
4 "Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé
Israèl, ngandika marang wong buwangan
kabèh sing diangkataké saka Yérusalèm
menyang Babil:
5 ‘Padha ngedegna omah lan manggona
ing kono. Padha gawéa pakebonan lan
mangana apa sing koktandur.
6 Padha omah-omaha lan bebranahana.
Anakmu lanang rabèkna, lan anakmu
wadon omah-omahna, supaya padha
duwé anak. Padha tangkar-tumangkara
supaya aja nganti suda.
7 Padha gawéa raharjané kutha-kutha
sing kokenggoni ing pembuwangan iki.
Kutha-kutha mau dongakna, suwunna
berkah supaya kaparingan katentreman
lan karaharjan.

8 Aku, Pangéran, Allahé Israèl,
ngélingaké aja nganti kowé kena
diapusi déning para nabimu sing padha
manggon ing tengahmu utawa déning
sapa waé sing ngaku bisa ngramal apa
sing bakal kelakon. Kowé aja nggugu
impèn-impèné.
9 Wong-wong kuwi padha ngapusi
nganggo asma-Ku. Wong mau ora
Dakutus. Aku, Pangéran wis ngandika!’
10 Pangéran ngandika menèh
mengkéné, ‘Yèn wis genep pitung
puluh taun enggonmu ana ing
pembuwangan ing Babil, Aku bakal
ngèngeti kowé menèh lan netepi janji-Ku
ngulihaké kowé menyang tanahmu
dhéwé.
11 Mung Aku dhéwé sing pirsa apa
sing Dakrancang kanggo kowé, yakuwi
rancangan sing gawé karaharjan, dudu
rancangan paukuman. Rancangan bab
jaman sing kokarep-arep tekané.
12 Ing kono kowé bakal sesambat lan
sowan marang Aku sarta ngaturaké
panyuwun marang Aku, lan Aku bakal
nyembadani.

13 Kowé bakal nggolèki Aku lan sarèhné
enggonmu nggolèki kanthi temenan,
kowé bakal ketemu Aku.
14 Aku bakal marengaké kowé ketemu
karo Aku, lan Aku bakal ngulihaké kowé
menyang tanahmu dhéwé. Aku bakal
nglempakaké kowé saka ing antarané
bangsa-bangsa lan sakèhing panggonan
enggon-Ku mbuyaraké kowé. Aku bakal
ngulihaké kowé menyang tanah, saka
enggon-Ku mbuwang kowé.’
15 Kowé bakal kandha, yèn Pangéran
wis maringaké nabi-nabi marang kowé
ana ing Babil.
16 Rungokna Pangandikané Pangéran
bab Sang Prabu kang lenggah ana
ing dhamparé Dawud lan ing ngatasé
umat ing kutha kéné, yakuwi sedulur-
sedulurmu sing ora katut kaboyong dadi
tawanan kaya kowé.
17 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, ‘Aku bakal
nekakaké perang, paceklik lan pageblug
marang wong-wong sing kari mau.
Wong-wong kuwi bakal Dakgawé kaya
woh anjir sing saka daluné nganti ora
kena dipangan.

18 Wong mau bakal Dakoyak nganggo
perang, paceklik lan pageblug, lan
sakèhé bangsa ing bumi sing nyipati
lelakon mau bakal ketaman giris. Ana ing
ngendia waé wong mau Dakbuyaraké.
Wong-wong ing panggonan kono bakal
padha kagèt lan giris ndeleng bebaya
sing Daktekakaké marang Israèl. Wong
Israèl mau bakal padha disepèlèkaké
lan dadi poyokan, sarta jenengé bakal
dienggo nyupatani wong.
19 Kuwi kabèh merga enggoné padha
ora ngèstokaké pangandika-Ku lumantar
para nabi abdi-Ku, sing ora kendhat
Dakutus marang wong-wong mau.
20 Hé sakèhé wong sing Dakbuwang
menyang Babil, padha ngrungokna
dhawuh-Ku. Sing ngandika iki Aku,
Pangéran piyambak.’
21 Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé
Israèl wis ngandika bab Ahab bin
Kolaya lan bab Zedekia bin Maaséya,
wong-wong sing medhar wangsit goroh
atas asmané Pangéran. Pangéran
wis ngandika yèn wong-wong mau
bakal kaulungaké marang tangané
Nebukadnésar, raja ing Babil, sing

bakal matèni wong-wong mau ana ing ngarepmu.
22 Yèn ana wong sing kabuwang saka Yérusalèm menyang Babil arep nyupatani, wong mau muni mengkéné, ‘Muga-muga Pangéran nandukaké marang kowé kaya Zedekia lan Ahab sing padha dipanggang urip-uripan déning raja ing Babil!’
23 Mengkono mau bakal nasibé Ahab bin Kolaya lan Zedekia bin Maaséya, merga saka gedhéné dosa-dosané, yakuwi dosa nylèwèng lan ngapusi nganggo nyebut asmané Pangéran. Mangka sing mengkono mau nerak kersané Pangéran. Panjenengané pirsa lan neksèni piyambak apa sing dadi penggawéné wong-wong mau. Mengkono pangandikané Pangéran."
24 Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé Israèl, paring wangsit marang aku kanggo Semaya bin Nekhelam, sing kirim layang atas jenengé dhéwé marang wong kabèh ing Yérusalèm lan marang Imam Zéfanya bin Maaséya, sarta imam liya-liyané. Ing layang mau Semaya nulis marang Zéfanya mengkéné,
25 (29:24)

26 "Panjenengan sampun kawisudha
déning Pangéran dados imam
gentosipun Yoyada, mila samenika
panjenengan dados pengageng wonten
ing Pedalemanipun Allah. Kuwajiban
panjenengan inggih menika ngranté
saben tiyang éwah ingkang ngaken
dados nabi, sarta ngalungi gulunipun
tiyang wau mawi blenggu tosan.
27 Kénging menapa Yérémia tiyang
Anatot menika mboten panjenengan
ranté lan panjenengan blenggu kados
mekaten? Mangka piyambakipun
sampun medhar wangsit kados nabi
dhateng umat Israèl.
28 Tiyang menika kedah dipun
bungkem, margi sampun criyos dhateng
tiyang-tiyang ingkang kabucal dhateng
Babil, bilih enggènipun wonten ing
pembuwangan menika badhé dangu.
Mila lajeng kapurih sami ngedegaken
griya, lajeng dipun enggèni, damel
pakebonan lan nedha pamedalipun."
29 Layang mau diwacakaké Zéfanya
marang aku.
30 Pangéran nuli ngandika marang aku,
31 supaya aku kirim layang marang
wong-wong ing pembuwangan ing

Babil isi piweling bab Semaya, sing
uniné mengkéné, "Aku, Pangéran, bakal
ngukum Semaya lan anak-turuné kabèh.
Aku ora ngutus wong mau, éwasemono
wong kuwi medhar wangsit kaya-kaya
dadi nabi, nganti wis ngapusi kowé
kabèh. Semaya bakal ora duwé anak siji
waé sing manggon ana ing antaramu.
Wong mau bakal ora nyawang sakèhé
berkah sing bakal Dakparingaké marang
umat-Ku, merga wis ngajak umat-Ku
murtad saka ngarsa-Ku. Mengkono
pangandikané Pangéran."
32 (29:31)

30 1 Pangéran, Allahé Israèl,
2 ngandika marang aku
mengkéné, "Tulisen ana ing buku, sakèhé
pangandika sing wis Dakdhawuhaké
marang kowé,
3 merga wis tekan mangsané Aku
mulihaké kaananané umat-Ku Israèl lan
Yéhuda. Umat mau bakal Dakbalèkaké
menyang tanah sing Dakparingaké
marang para leluhuré, supaya dadi
duwèké menèh."
4 Pangéran ngandika marang umat
Israèl lan Yéhuda mengkéné,

5 "Aku mireng swarané wong njerit,
panjerit merga saka wedi, merga ora
ana katentreman.
6 Saiki coba gagasen, apa wong lanang
bisa nglairaké bayi? Nanging apa sebabé
déné Aku weruh saben wong lanang
nyekeli wetengé, kaya wong wadon sing
lagi nglarani? Yagéné koksaben wong
katon pucet?
7 Adhuh, dinané bilai wis cedhak; ora
ana dina sing ngungkuli dina kuwi. Dina
karubedan gedhé tumrapé umat-Ku,
éwadéné bakal nampa pangluwaran."
8 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Yèn wis tekan mangsané,
Aku bakal mutung pasangan sing ana
ing guluné lan nguculi ranténé, mula
mari enggoné dadi batur-tukoné wong
manca.
9 Sarta bakal padha ngabdi marang
Aku, Pangéran lan Allahé, lan marang
turuné Dawud sing bakal Dakwisudha
dadi ratuné.
10 Hé umat-Ku, aja padha wedi;
umat-Ku Israèl, atimu aja miris. Kowé
bakal Dakluwari saka tanah kang adoh
mau. Saka tanah panggonanmu dadi
wong buwangan. Kowé bakal mulih lan

manggon ing tanahmu kanthi tentrem;
kowé bakal kaayoman lan ora ana
prekara sing gawé wedimu.
11 Aku bakal rawuh lan ngluwari kowé,
bangsa-bangsa sing biyèn kokkawulani
bakal Daktumpes kabèh, nanging kowé
bakal ora Daktumpes. Kowé bakal ora
uwal saka paukuman-Ku, nanging yèn
Aku ngukum, paukuman-Ku kuwi adil.
Mengkono pangandikané Pangéran."
12 Pangandikané Pangéran marang
umaté, "Tatumu wis ora kena ditambani
menèh, lelaramu wis ora bisa mari.
13 Ora ana wong sing mbélani
prekaramu, lan ora ana tamba kanggo
nambani lelaramu, wis ora ana
pengarep-arep bisa pulih waras.
14 Dhemenanmu wis padha ninggal
kowé, wis padha ora mreduli marang
kowé. Kowé wis Daklawan, kaya nglawan
mungsuh, paukumanmu pancèn abot,
merga dosamu akèh lan pialamu gedhé
banget.
15 Aja sambat merga saka lelara sing
koksandhang, sebab laramu ora ana
tambané. Enggon-Ku ngukum kowé
mengkono mau merga saka akèhé

dosamu, lan merga saka gedhéné
pialamu.
16 Nanging saiki, sapa sing nglawan
kowé bakal gentèn dilawan, lan sakèhé
mungsuhmu bakal dibuwang dadi wong
tawanan. Sing sapa nindhes marang
kowé bakal gentèn ditindhes, lan sing
sapa njarah-rayah kowé, bakal gentèn
dijarah-rayah.
17 Kowé bakal Dakwarasaké menèh;
tatu-tatumu bakal Daktambani nganti
mari. Senajan mungsuh padha muni,
‘Sion kuwi wong buwangan, sisa sing
wis ora dikaruhaké menèh!’ Mengkono
pangandikané Pangéran."
18 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Kaananané umat-Ku bakal Dakpulihaké
menèh, lan Dakulihaké menyang
tanahé dhéwé; brayaté siji-sijiné bakal
Dakberkahi, Yérusalèm bakal Dakbangun
menèh, lan kedhatoné Dakpulihaké.
19 Wong sing manggon ana ing kana
bakal padha ngidungaké puji sokur,
saka bungahé bakal padha surak-surak.
Merga saka berkah-Ku bakal padha
tangkar-tumangkar lan kajèn-kéringan.
20 Pangwasané sing biyèn bakal
Dakpulihaké menèh lan Daksentosakaké.

Sakèhé wong sing nindhes, wong mau
bakal Dakukum.
21 Umat-Ku bakal dierèh déning
wong saka bangsané dhéwé. Para
penggedhéné kuwi asalé saka antarané
wong-wong mau dhéwé. Wong-wong
bakal Dakpeksa supaya padha séba,
sowan ing ngarsa-Ku. Sebab sapa sing
wani ngetohaké nyawané lan nyedhaki
Aku? Wong-wong mau bakal dadi
umat-Ku lan Aku bakal dadi Allahé.
Mengkono pangandikané Pangéran."
22 (30:21)
23 Paukumané Pangéran kuwi kaya
prahara, kaya angin lésus sing sementor
marang para wong ala. Kuwi ora bakal
sirep yèn durung rampung enggoné
nindakaké apa sing dadi kersané.
Mbésuk bakal ana mangsané umaté
Pangéran ngerti sing dadi kersané nganti
gamblang.
24 (30:23)

31 1 Pangéran ngandika mengkéné,
"Bakal tekan mangsané Aku dadi
Allahé para taleré Israèl, lan wong-wong
mau dadi umat-Ku.
2 Nalika isih padha ana ing ara-ara
samun, Aku maringi sih-kawelasan

marang wong-wong mau, mula padha
oncat saka pati. Nalika padha kepéngin
ngaso,
3 Aku ngetingal saka kadohan. Hé umat
Israèl, Aku selawasé tresna marang
kowé, mulané Aku tansah ngetingalaké
kasetyan-Ku marang kowé.
4 Aku bakal mbangun kowé sepisan
engkas. Kowé bakal metu nggawa
terbang lan jogèdan kanthi bungah.
5 Kowé bakal yasa kebon anggur sepisan
menèh ana ing pegunungan Samaria,
lan sing sapa nandur anggur bakal
ngundhuh pametuné kebon angguré.
6 Bakal tekan mangsané wong sing
padha jaga ana ing pegunungan Éfraim
padha giyak-giyak, ‘Ayo padha munggah
ing Sion, sowan ing ngarsané Pangéran
Allah kita.’"
7 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Padha memujia kanthi bungah kanggo
Israèl, sing dadi pemimpin ing antarané
para bangsa. Padha nglagokna kidung
pamuji, ‘Pangéran wis ngluwari umaté;
Panjenengané wis nylametaké umat
kekarèné.’
8 Umat mau bakal Dakirid saka tanah
Lor lan bakal Dakklumpukaké saka

watesé bumi. Wong wuta lan wong
lumpuh bakal padha mèlu, semono uga
wong sing mentas nglairaké lan sing
ngarepaké babaran; kabèh bakal padha
pulih dadi pasamuwan gedhé.
9 Tekané umat mau bakal karo nangis
lan ndedonga, samasa Dakirid bali
menyang tanahé, metu panggonan sing
akèh banyuné, lan dalan sing rata, mula
bakal ora padha kesandhung. Aku bakal
dadi Ramané Israèl, lan Éfraim kuwi
anak-Ku mbarep."
10 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Hé para bangsa, padha ngrungokna
dhawuh-Ku! Padha wartakna menyang
tanah-tanah pesisir sing adoh. Umat-
Ku Dakbuyaraké, nanging bakal
Dakklumpukaké lan Dakengon kaya
pangon ngengon panthaning wedhusé.
11 Umat Israèl wis Dakluwari, sarta
Dakrebut saka tangané bangsa sing
luwih rosa.
12 Umat mau bakal padha sowan ing
Sion karo memuji, bakal padha bungah
merga padha Dakparingi gandum,
anggur lan lenga zaitun, wedhus gèmbèl
lan raja-kaya. Kemakmurané umat bakal

kaya tanah sing akèh banyuné, merga
padha kecukupan sakèhé kebutuhané.
13 Ing wektu kuwi para bocah wadon
bakal padha jejogèdan merga bungah lan
wong lanang, enom, tuwa, bakal padha
giyak-giyak. Kabèh bakal padha Daklipur,
kasusahané Dakganti kabungahan,
prihatiné Daksantuni kasenengan.
14 Para imam bakal Dakparingi pangan
nganti lubèr, umat-Ku bakal Dakcukupi
sedhéngah barang kabutuhané.
Mengkono pangandikané Pangéran."
15 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Ana swara keprungu ing Rama,
swaraning tangis sing ngeres banget.
Rahèl nangisi anak-anaké; ora gelem
dilipur, merga anak-anaké mau wis
padha mati kabèh.
16 Menenga, aja nangis waé, luhmu
usapana. Sebab sakèhé kangèlanmu
kanggo anak-anakmu bakal ora sepi ing
ganjaran. Anak-anakmu bakal bali saka
tanahé mungsuh.
17 Anak-anakmu bakal bali menèh, mula
ana pengarep-arep kanggo dina mbésuk.
Mengkono pangandikané Pangéran.
18 Aku mireng Israèl sambat-sambat
karo sedhih, ‘Dhuh Pangéran, kawula

menika presasat kéwan alasan, nanging
kawula sampun Paduka dhawuhi
mbangun-turut. Kawula mugi Paduka
wangsulaken; kawula sampun badhé
sowan Paduka malih, awit Paduka,
Pangéran Allah kawula.
19 Kawula sami nyingkur Paduka,
nanging samenika badhé énggal-énggal
mratobat. Sesampunipun kawula Paduka
ajar, sirah kawula sami tumungkul margi
sedhih. Kawula sami isin lan kwirangan,
margi saking dosa-dosa kawula, nalika
kawula taksih nènèman.’
20 Hé Israèl, kowé kuwi putra-Ku
kinasih, putra sing Daktresnani banget.
Samasa Aku nyebut jenengmu, runtuh
welas-Ku marang kowé. Sih-katresnan-
Ku marang kowé ora pedhot-pedhot,
mula kowé bakal tansah Dakwelasi.
21 Padha masanga tandha-tandha lan
tugu-tugu ana ing dalan; metua dalan
sing biyèn kokambah. Padha muliha, hé
Israèl, muliha menyang kutha-kuthamu
sing koktinggal.
22 Nganti pira lawasé enggonmu
gojag-gajeg, hé bangsa sing cupet ing
pengandel? Aku wis ndamel béda karo

sing biyèn, kaya wong wadon ngayomi
wong lanang."
23 Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé
Israèl ngandika mengkéné, "Yèn
umat-Ku wis Dakpulihaké kaanané ana
ing tanahé, ing kono wong Yéhuda sing
padha manggon ing kutha-kutha bakal
muni mengkéné, ‘Pangéran mberkahana
gunung suci sing ana ing Yérusalèm,
panggonan suci Pedalemané Allah.’
24 Umat-Ku bakal padha manggon ing
tanah Yéhuda, ing kutha-kuthané kabèh.
Salong ana sing dadi wong tani, salong
dadi pangon sing ngengon wedhusé.
25 Sing kesayahen bakal dadi seger,
lan saben wong sing lungkrah awaké
merga kurang mangan, bakal Dakparingi
sawaregé.
26 Mula wong-wong mau bakal padha
ngucap mengkéné, ‘Aku mapan turu,
bareng tangi awakku wis seger.’
27 Aku, Pangéran, ngandika, yèn bakal
tekan mangsané tanah Israèl lan tanah
Yéhuda Dakkebaki manungsa lan kéwan.
28 Kaya déné Aku dhèk biyèn arep
mbedhol lan ngrubuhaké umat-Ku, arep
Dakbuwang, Daktumpes lan Dakiles-iles,

kaya mengkono enggon-Ku saiki arep
nandur lan mbangun umat-Ku.
29 Ing wektu kuwi wong bakal ora
kandha menèh, ‘Wong tuwa sing mangan
anggur mentah, anak-anaké sing linu
untuné.’
30 Nanging saiki bakal mengkéné, ‘Sing
sapa mangan anggur mentah, wong
kuwi dhéwé sing linu untuné. Saben
wong bakal mati merga dosané dhéwé.’"
31 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wis tekan wektuné enggon-Ku bakal
gawé prejanjian anyar karo umat Israèl
lan karo wong-wong ing Yéhuda.
32 Prejanjian iki béda karo prejanjian-Ku
karo leluhuré, nalika Dakirid metu
saka tanah Mesir. Senajan dhèk
semono padha Dakrengkuh kaya bojo,
éwasemono padha ora netepi prejanjian
mau.
33 Prejanjian anyar sing bakal Dakdamel
karo Israèl saiki mengkéné, ‘Aku bakal
maringaké Torèt-Ku ana ing batiné, lan
Dakserat ana ing atiné. Aku banjur bakal
jumeneng dadi Allahé lan wong-wong
mau bakal padha dadi umat-Ku.’
34 Apa menèh wong ora prelu awèh
piwulang marang wong Israèl liyané:

Kowé padha wanuha karo Pangéran,
merga saben wong bakal wanuh karo
Aku, iya sing cilik, utawa sing gedhé. Aku
bakal ngapura dosané lan kaluputané
bakal ora Dakéling-éling menèh.
Mengkono pangandikané Pangéran."
35 Pangéran paring srengéngé
minangka pepadhang ing wayah awan,
lan rembulan sarta lintang-lintang
dadi pepadhang ing wayah bengi.
Segara dikebur nganti molak-malik
aluné; asmané kasebut Pangéran Kang
Mahakwasa.
36 Panjenengané janji, "Yèn selawasé
pepesthèné alam iki ora gumingsir. Israèl
bakal tansah lestari olèhé dadi bangsa.
37 Kaya déné langit ora kena diukur,
lan dhasar-dhasaré bumi ora kena
dititi-priksa, iya kaya mengkono uga
Aku bakal ora nampik umat Israèl,
senajan akèh kaluputané. Mengkono
pangandikané Pangéran."
38 Pangéran ngandika mengkéné, "Bakal
tekan wektuné Yérusalèm kabangun
menèh kasaosaké marang Aku, wiwit
saka Menara Hananèl tekan Gapura
Pojok.

39 Tapel watesé saka kana terus
mengulon menyang pegunungan Gareb
banjur mubeng tekan Goah.
40 Lebak kuwi kabèh, panggonané
jisim-jisim lan awuné kurban padha
kabuwang, lan sakèhé palemahan ing
sapinggiring Kali Kidron mengétan tekan
Gapura Jaran, kuwi bakal kasengker
kagem Pangéran. Kutha mau bakal ora
digempur menèh utawa dirusak."

32 1 Nalika Zedekia enggoné
jumeneng ratu ing Yéhuda
nyandhak taun kasepuluh utawa
taun kaping wolulasé Nebukadnésar
jumeneng ratu ing Babil, Pangéran
ngandika marang aku.
2 Nalika semono wadyabala Babil lagi
nempuh kutha Yérusalèm lan aku lagi
ditahan ana ing platarané kedhaton.
3 Aku dikunjara ana ing kono déning
Sang Prabu Zedekia, merga aku didakwa
martakaké pangandikané Pangéran sing
mengkéné, "Aku bakal ngulungaké kutha
iki marang tanganè raja Babil,
4 lan raja Zedekia bakal ora bisa oncat,
Zedekia bakal diulungaké marang
tanganè raja Babil, lan bakal ketemu
adu-arep karo raja Babil.

5 Raja Zedekia bakal kaangkataké
menyang Babil, lan tetep manggon ana
ing kana nganti Aku ngrampungaké
prekarané. Senajan nglawan perang
marang raja Babil, nanging bakal ora
menang. Mengkono pangandikané
Pangéran."
6 Pangéran ngandika marang aku, yèn
Hanameèl, anaké Salum, pamanku,
bakal teka nemoni aku. Aku dikon nuku
palemahané sing ana ing Anatot, ing
wilayah Bènyamin, merga aku seduluré
sing cedhak dhéwé, mulané wenang
nuku lemah kuwi saka wong mau,
7 (32:6)
8 cocog karo pangandikané Pangéran.
Hananya teka temenan marani aku ana
ing plataran kedhaton lan akon aku
nuku palemahané.
9 Lemahé Hanameèl nuli daktuku
lan dhuwité sing arep dakenggo
mbayar Hanameèl daktimbang. Regané
palemahan mau pitulas wang slaka.
10 Layangé dol-tinuku nuli daktandha-
tangani lan dakcap, sarta dhuwité
daktimbang nganggo timbangan.
11 Layang dol-tinuku sing wis dicap lan
turunané banjur dakjupuk; loro-loroné

dakwènèhaké marang Barukh bin Neria
bin Mahséya. Enggoné ngulungaké
ana ing ngarepé Hanameèl lan para
seksi sing padha mèlu nandha-tangani
layangé dol-tinuku, sarta ing ngarepé
wong-wong sing padha lungguh ana ing
plataran kono.
12 (32:11)
13 Ana ing ngarepé wong kabèh mau
aku kandha karo Barukh mengkéné,
14 "Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé
Israèl, dhawuh marang kowé supaya
layang dol-tinuku sing asli lan turunané
mau koklebokaké ana ing grabah lemah,
supaya kena disimpen nganti suwé.
15 Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé
Israèl, ngandika yèn mbésuk ing tanah
kéné wong bakal bisa tuku omah,
palemahan lan kebon anggur menèh."
16 Sawisé layang dol-tinuku mau
dipasrahaké marang Barukh aku banjur
ndedonga,
17 "Dhuh Pangéran, ingkang nitahaken
langit lan bumi kalayan pangwasa lan
kasektèn. Mboten wonten prekawis
ingkang mokal kagem Paduka.
18 Paduka ngetingalaken sih-kasetyan
Paduka dhateng tiyang-tiyang maèwu-

èwu, nanging ugi ngukum tiyang margi
saking dosaning tiyang sepuhipun.
Paduka menika Allah ingkang luhur lan
kwaos. Saèstu, Paduka menika Allah
Ingkang Mahakwasa.
19 Paduka damel rancangan kalayan
wicaksana sarta nindakaken prekawis-
prekawis ingkang ngédab-édabi. Paduka
pirsa saben prekawis ingkang dipun
tindakaken déning tiyang setunggal-
setunggalipun, sarta saben tiyang
Paduka ganjar miturut pendamelipun.
20 Ing jaman kina Paduka damel
kaélokan lan mujijat wonten ing tanah
Mesir, lan menika Paduka lestantunaken
dumugi sepriki wonten ing Israèl,
mekaten ugi ing antawisipun para
bangsa, ngantos asma Paduka misuwur
wonten ing pundi-pundi panggènan.
21 Srana migunakaken pangwaos lan
kasektèn, Paduka ngirid umat Paduka
medal saking tanah Mesir. Paduka
nindakaken mujijat, kaélokan sarta
lelampahan-lelampahan ingkang damel
girising mengsah.
22 Lajeng sami Paduka paringi tanah
ingkang subur menika, kados ingkang

Paduka janjèkaken dhateng para
leluhuripun.
23 Nanging sareng sampun mlebet sarta
ndarbèki tanah menika, tiyang-tiyang
wau mboten sami mbangun-turut
dhateng dhawuh Paduka, lan mboten
sami gesang miturut piwulang Paduka,
malah sami nglirwakaken sedaya
dhawuh Paduka, mila Paduka lajeng
ndhatengakaken sakathahing paukuman
menika.
24 Tiyang Babil sampun sami ngepang
kitha menika badhé dipun rebat, lan
sampun wiwit sami nyerang. Peprangan,
paceklik lan pageblug badhé nyebabaken
kitha menika sirna ing tanganipun
mengsah. Kula sami nyipati, bilih
menapa ingkang Paduka ngandikakaken
menika nyata kelampahan.
25 Éwasemanten, Paduka Allah ingkang
murba wisésa, sampun dhawuh dhateng
kawula tumbas pasitèn ing ngajengipun
para seksi, senajan kitha menika sampun
mèh rebah, karebat déning tiyang Babil."
26 Pangéran nuli dhawuh mengkéné
marang aku,

27 "Aku iki Pangéran, Allahé sakèhé
manungsa. Ora ana barang kang mokal
kanggoné Aku.
28 Kutha iki bakal Dakulungaké marang
tanganè Nebukadnésar, raja ing Babil lan
tentarané. Kutha iki bakal direbut
29 lan diobong. Bakal diobong tapis,
semono uga omah-omah sing payoné
padha kanggo ngobong dupa marang
Baal, lan kanggo gawé sesajèn
ombèn-ombèn marang allah liyané.
30 Wong Israèl lan wong Yéhuda wiwit
biyèn mula tansah nglakoni piala ana
ing ngarsa-Ku lan njalari duka-Ku srana
penggawéné.
31 Wong-wong sing padha manggon
ing kutha kéné wiwit madegé tekan
sepréné tansah marakaké duka-Ku
makantar-kantar, mulané mesthi bakal
Daktumpes,
32 merga saka sakèhé piala sing
wis dilakoni déning wong Yéhuda lan
sing padha manggon ing Yérusalèm,
bebarengan karo para rajané, para
penggedhéné, para imam lan para
nabiné.
33 Wong-wong mau padha nyingkur
Aku, lan senajan ora kendhat-kendhat

enggon-Ku paring piwulang, éwasemono
padha suthik ngrungokaké, apa menèh
nglakoni.
34 Malah padha mapanaké déwa-
déwané kenajisan ana ing Pedalemané
Allah sing dibangun kanggo manembah
marang Aku, nganti padha najisaké
Pasucèn-Ku.
35 Wong-wong mau padha ngedegaké
mesbèh ana ing Lebak Ben-Hinom,
kanggo ngurbanaké anaké lanang lan
wadon marang Déwa Molokh. Dudu
Aku sing dhawuh mengkono, lan ora
bakal sing mengkono mau tuwuh ing
penggalih-Ku, sing njalari wong nganti
nglakoni mengkono lan marakaké wong
Yéhuda tumiba ing dosa."
36 Pangéran, Allahé Israèl ngandika
marang aku mengkéné, "Yérémia, wong
padha kandha yèn perang, paceklik lan
pageblug bakal njalari rubuhé kutha iki
lan karebut déning raja ing Babil. Isih
ana prekara liyané menèh sing arep
Dakngandikakaké.
37 Wong-wong sing padha Dakbuyaraké
menyang sakèhé negara sajroning
mulading duka-Ku, kuwi bakal
Dakklumpukaké menèh lan Dakbalèkaké

menyang tanahé dhéwé, supaya padha
manggon ing kono kanthi tentrem.
38 Wong-wong mau bakal dadi umat-Ku
lan Aku bakal jumeneng dadi Allahé.
39 Bakal Daktedahaké yèn tujuaning
uripé mung siji, yakuwi mbangun-turut
marang Aku ing sauruting jaman, murih
beciké wong-wong mau dhéwé lan
anak-turuné.
40 Aku bakal damel prejanjian langgeng
karo umat-Ku, yèn selawasé bakal
Daktanduki kabecikan. Umat-Ku bakal
Dakparingi ati sing wedi-asih marang
Aku, supaya sajegé ora bakal nyingkur
Aku.
41 Ati-Ku bakal bungah nindakaké apa
sing becik kanggo wong-wong mau, lan
Aku bakal netepaké pamanggoné ana
ing tanah kéné.
42 Kaya déné enggon-Ku nekakaké
kasangsaran marang umat-Ku, iya
kaya mengkono uga enggon-Ku
bakal nekakaké kabegjan, sing wis
Dakjanjèkaké.
43 Wong padha kandha yèn tanah
iki bakal dadi ara-ara samun sing
suwung, merga ora dienggoni déning
manungsa lan kéwan; lan tanah iki bakal

kaulungaké marang wong Babil. Nanging
ing tanah kéné wong bakal bisa tuku
palemahan menèh.
44 Layangé dol-tinuku bakal ditandha-
tangani lan dicap sarta diseksèni. Kuwi
bakal kelakon ing wilayahé Éfraim, lan
désa-désa sakiwa-tengené Yérusalèm
lan ing kutha-kuthané Yéhuda sarta ing
kutha-kuthané tanah pegunungan, ing
sikilé gunung-gunung lan ing wilayah
Yéhuda sisih Kidul. Wong-wong bakal
Dakbalèkaké menèh ana ing palemahané
dhéwé-dhéwé. Mengkono pangandikané
Pangéran."
33 1 Nalika aku isih ditahan ana ing
platarané kedhaton, Pangéran
paring wangsit menèh marang aku.
2 Panjenengané kang nitahaké bumi,
sing yasa lan mrenahaké ana ing papané,
ngandika mengkéné,
3 "Ndedongaa kanthi nyebut asma-Ku,
Aku bakal paring wangsulan. Kowé
bakal Daktedahi prekara-prekara gedhé
lan ngéram-éramaké, sing durung tau
koksumurupi.
4 Aku Pangéran, Allahé Israèl ngandika
yèn omah-omah ing Yérusalèm
lan kedhatoné raja Yéhuda bakal

dirubuhaké. Ora ana paédahé metoni
perang lan nglawan menara-menara
pangepungan sing didegaké déning wong
Babil. Kuwi mung bakal ngebaki kutha
iki nganggo jisimé wong-wong sing
Daktumpes sajroning mulad-mulading
bebendu-Ku. Kutha iki wis Daktégakaké
merga saka sakèhé pialané.
5 (33:4)
6 Nanging kutha iki mbésuk bakal
Dakpulihaké menèh lan wong sing padha
manggon ing kéné bakal Dakwarasaké.
Bakal padha Daklubèri katentreman lan
kaayeman.
7 Yéhuda lan Israèl bakal Dakparingi
karaharjan lan bakal Dakbangun kaya
sing uwis-uwis.
8 Dosa-dosané marang Aku bakal
Dakbuwang, lan Aku bakal ngapura
dosa-dosa panglawané.
9 Yérusalèm bakal dadi etuking
kabungahan, kaurmatan lan
pangalembana tumraping Aku. Lan
saben bangsa ing bumi bakal padha
wedi lan gemeter yèn padha krungu bab
sakèhé kabecikan sing Daktandukaké
marang wong-wong ing Yérusalèm lan

karaharjan sing Daktekakaké ana ing
kutha kéné."
10 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wong kandha yèn panggonan iki
kaya ara-ara samun, suwung ora ana
manungsané, sarta kéwan pisan ora
ana sing manggon ing kéné. Pancèn
mengkono, kutha-kuthané Yéhuda
lan dalan-dalané Yérusalèm suwung
kabèh. Ora ana manungsané lan ora ana
kéwané.
11 Nanging ing kéné bakal ramé swarané
wong surak-surak merga saka bungahé.
Bakal ana swarané wong duwé gawé
sing padha nganakaké kraméan. Bakal
ramé swarané wong saos kurban sing
padha nglagokaké kekidungan ana ing
Pedaleman-Ku. Wong-wong mau bakal
padha ngucap, ‘Padha saosa panuwun
marang Pangéran Kang Mahakwasa,
merga Panjenengané kuwi becik lan
sih-katresnané langgeng ing selawasé.’
Tanah iki bakal Dakparingi karaharjan
kaya sing uwis-uwis. Mengkono
pangandikané Pangéran."
12 Mengkéné pangandikané Pangéran
Kang Mahakwasa, "Ing tanah sing kaya
ara-ara samun sing suwung blung,

ora ana manungsané lan ora ana
kéwané, mbésuk bakal ana pangonané
lan pangon-pangon sing ngengon
wedhus-wedhusé.
13 Ing kutha-kutha pegunungan, lan
sing ana ing sikilé gunung-gunung, ing
tanah Yéhuda sisih Kidul, ing wilayahé
Éfraim, ing désa-désa sakiwa-tengené
Yérusalèm lan ing kutha-kuthané Yéhuda
pangon-pangon bakal padha nyacahaké
wedhusé. Mengkono pangandikané
Pangéran."
14 Pangandikané Pangéran menèh,
"Bakal tekan wektuné Aku netepi
janji-Ku sing Dakjanjèkaké marang umat
Israèl lan umat Yéhuda.
15 Ing dina kuwi Aku bakal
njumenengaké turuné Dawud dadi
raja sing adil pangrèhé. Raja mau bakal
nindakaké kabeneran lan keadilan rata
sanegara kabèh.
16 Wong Yéhuda lan wong Yérusalèm
bakal padha kaluwaran lan bakal padha
manggon kanthi tentrem. Kutha iki bakal
kasebut: ‘Pangéran kuwi Juru Slamet
kita.’

17 Aku, Pangéran, janji yèn saterusé
bakal ana tedhaké Dawud sing dadi raja
ing Israèl,
18 lan ana imam-imam saka tedhaké
Lèwi sing ngladèni Aku lan saos
kurban obongan, kurban dhaharan lan
ngladosaké sesajèn."
19 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné,
20 "Aku wis gawé prejanjian karo rina
lan karo wengi, supaya padha teka
netepi wayahé; prejanjian kuwi ora kena
dibatalaké.
21 Mengkono uga prejanjian-Ku karo
Dawud, yèn bakal tansah ana turuné
sing dadi raja, lan karo para imam saka
taleré Lèwi, yèn selawasé bakal ngladèni
Aku. Prejanjian-prejanjian mau ora kena
diblénjani.
22 Cacahé para turuné Dawud bakal
Daktangkar-tangkaraké, semono uga
cacahé para imam turuné Lèwi, nganti
ora ana sing bisa ngétung, kaya wong
iya ora bisa ngétung cacahé lintang ing
langit lan wedhi ing segara."
23 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné,

24 "Apa kowé nitèni kandhané wong
yèn Israèl lan Yéhuda wis Daktampik,
bangsa loro sing wis Dakpilih kuwi?
Mulané umat-Ku padha dirèmèhaké lan
ora dianggep bangsa menèh.
25 Nanging Aku wis gawé prejanjian
karo rina lan wengi lan Aku wis netepaké
prenatan sing ngawasaké langit lan
bumi.
26 Iya mengkono enggon-Ku mesthi
netepi prejanjian-Ku karo anak-turuné
Yakub lan karo abdi-Ku Dawud. Aku
mesthi bakal milih turuné Dawud salah
siji dadi ratu, ngratoni tedhak-turuné
Abraham, Iskak lan Yakub. Aku bakal
maringaké kamirahan marang umat-Ku
lan Dakparingi karaharjan menèh."

34 1 Pangéran ngandika marang
aku nalika Nebukadnésar, raja
ing Babil karo tentarané, sing kabantu
déning tentarané bangsa-bangsa sing
ngawula marang Nebukadnésar, lagi
nyerang Yérusalèm lan kutha-kutha
sakiwa-tengené.
2 Aku didhawuhi déning Pangéran,
Allahé Israèl, supaya sowan Zedekia, raja
ing Yéhuda. Mengkéné pangandikané
Pangéran, "Aku, Pangéran, bakal

ngulungaké kutha iki marang raja ing
Babil, supaya diobong nganti tapis.
3 Kowé bakal ora bisa oncat, malah
bakal dicekel lan kaulungaké ing tangané
Nebukadnésar. Kowé bakal ketemu
adu-arep lan sapocapan karo raja
Babil mau. Kowé nuli bakal kaboyong
menyang tanah Babil.
4 Zedekia, rungokna pangandika-Ku.
Kowé bakal ora dipatèni ana ing
peprangan,
5 nanging bakal mati kalawan tentrem.
Lan kaya déné para leluhurmu, para
raja sadurungé kowé, enggoné mati
padha diurmati srana pangobonging
dupa, mengkono uga kowé. Kowé
uga bakal ditangisi karo padha muni,
‘Adhuh, rajaku kokséda!’ Mengkono
pangandikané Pangéran."
6 Wangsit mau nuli dakaturaké priksa
marang Sang Prabu Zedekia ing
Yérusalèm.
7 Nalika semono raja Babil lagi nyerang
kutha Yérusalèm. Wadyabala Babil mau
uga nyerang Lakhis lan Azéka, merga ing
antarané kutha-kutha ing Yéhuda, kari
kutha-kutha kuwi sing isih ana bètèngé.

8 Sang Prabu Zedekia lan wong-wong
ing Yérusalèm padha setuju mbébasaké
9 para batur-tukon, lanang lan wadon,
nganti ora ana wong Israèl sing duwé
batur Ibrani menèh.
10 Wong kabèh lan para penggedhé
padha sarujuk mbébasaké para batur-
tukoné dadi wong merdika lan ora arep
dianggep batur-tukon menèh.
11 Nanging bareng wis merdikakaké
para batur-tukon mau, padha getun,
mula batur-batur sing wis dimerdikakaké
mau dipeksa dadi batur menèh, lanang
lan wadon.
12 Aku banjur diutus déning Pangéran,
Allahé Israèl, didhawuhi ngandhani
wong-wong kabèh mengkéné,
13 "Aku, Pangéran wis gawé prejanjian
karo para leluhurmu, nalika padha
Dakluwari saka tanah Mesir lan
Dakdadèkaké wong merdika. Para
leluhurmu padha Dakparingi prenatan
14 supaya pendhak pitung taun padha
merdikakna batur-tukon Ibrani, sing
wis nem taun lawasé dadi batur-tukon.
Nanging para leluhurmu padha ora gelem
nggatèkaké, malah padha nyepèlèkaké
pangandika-Ku.

15 Nanging sawetara dina kepungkur
kowé padha salin gagasan sing gawé
renaning penggalih-Ku. Kowé kabèh
padha sarujuk merdikakaké para batur-
tukonmu bangsa Ibrani, lan padha gawé
prejanjian ana ing ngarsa-Ku, yakuwi
ing Pedalemané Allah panggonanmu
manembah marang Aku.
16 Nanging kowé wis salin gagasan
menèh lan nyenyamah marang Aku.
Batur-tukon sing wis kokmerdikakaké,
kokpeksa bali dadi batur-tukon menèh.
17 Srana mengkono kowé padha ora
mbangun-turut marang Aku lan ora awèh
kamardikan marang pepadhamu wong
Israèl. Ya wis becik. Yèn mengkono kowé
bakal Dakparingi kamardikan, yakuwi
kamardikan mati merga saka perang
lan paceklik. Bangsa-bangsa ing bumi
bakal padha giris ndeleng penggawé-Ku
marang kowé.
18 Para pegawé kedhaton ing Yéhuda
lan ing Yérusalèm, para imam lan para
pengarepé umat padha gawé prejanjian
karo Aku srana mlaku ing antarané
sigarané sapi lanang sing dibelah dadi
loro. Nanging prejanjian mau padha
diblénjani, ora padha ditetepi. Mulané

wong-wong kuwi bakal Dakgawé padha
kaya penggawéné tumrap sapi lanang
mau.
19 (34:18)
20 Bakal padha Dakulungaké ing
tanganė para mungsuhé, sing kepéngin
banget matèni wong-wong mau, sarta
jisimé bakal dadi pakané manuk-manuk
lan kéwan galak.
21 Semono uga Zedekia, raja ing Yéhuda
lan para pegawéné bakal Dakulungaké
ing tanganė wong-wong sing padha
ngarah patiné. Bakal padha Dakulungaké
ing tanganė tentara Babil, sing saiki lagi
ngaso enggoné nempuh kutha iki.
22 Aku bakal paring dhawuh, supaya
tentara kuwi bali menèh lan nyerang
kutha iki, nuli direbut lan diobong
ludhes. Kutha-kuthané Yéhuda bakal
Dakgawé dadi ara-ara samun, nganti
ora ana wong sing gelem manggon ing
kono."

35

1 Nalika Yoyakim bin Yosia
jumeneng raja ing Yéhuda,
Pangéran ngandika marang aku
mengkéné,
2 "Maranana kulawangsané Rékhab,
ajaken rembugan, banjur iriden menyang

Pedalemané Allah, lebokna ing salah
sijiné kamar kono lan wènèhana ngombé
anggur."
3 Aku banjur ngirid kulawargané Rékhab
kabèh — yakuwi Yaazanya bin Yérémia
(liyané), bin Habzina sasedulur karo
anak-anaké,
4 dakgawa menyang Pedalemané Allah.
Banjur daklebokaké ing kamaré para
muridé Nabi Hanan bin Yigdalya. Kamar
iki ana ing sandhuwuré kamaré Maaséya
bin Salum, pegawé Pedalemané Allah
sing pangkaté dhuwur, ora adoh saka
kamar-kamaré para pegawé liya-liyané.
5 Aku banjur ngesok anggur ana ing
tuwung nganti kebak ing ngarepé kaum
Rékhab karo muni, "Kula aturi sami
ngunjuk anggur menika."
6 Nanging wong-wong mau padha
mangsuli, "Kula mboten sami ngombé
anggur. Leluhur kula Yonadab bin Rékhab
wantos-wantos dhateng kula sedaya,
para turunipun, supados sampun
ngantos sami ngombé anggur menapa
kémawon.
7 Ugi dipun awisi ngedegaken utawi
nggarap pasitèn, sarta yasa kebon
anggur, utawi tumbas. Kula sami

kadhawuhan sajegipun manggèn wonten
ing kémah, supados gesang kula sami
manggèn ing tanah menika kados tiyang
manca.
8 Kula sami netepi menapa ingkang
kadhawuhaken déning Yonadab. Kula
sami mboten naté ngombé anggur,
mekaten ugi sémah-sémah kula, para
anak kula jaler lan èstri.
9 Kula mboten sami yasa griya kanggé
manggèn, kula sami manggèn ing
kémah. Kula sami netepi kalayan setya
prekawis ingkang kadhawuhaken déning
leluhur kula Yonadab.
10 (35:9)
11 Nanging nalika Sang Prabu
Nebukadnésar mlebet ing negari kita,
kula lajeng sami nyingkir mlebet ing kitha
Yérusalèm supados nebihi tentara Babil
lan Siria. Menika sebab-musababipun
kula sami manggèn ing Yérusalèm."
12 Pangéran, Allah Kang Mahakwasa,
Allahé Israèl banjur dhawuh marang
aku supaya marani wong Yéhuda lan
wong Yérusalèm, didhawuhi kandha
mengkéné, "Aku Pangéran, mundhut
pirsa marang kowé, apa sebabé kowé

padha ora gelem ngrungokaké lan emoh ngèstokaké dhawuh-Ku.
13 (35:12)
14 Para turuné Yonadab padha mbangun-turut marang prenatan sing ora ngenakaké wong mau ngombé anggur, lan tekan sepréné wong-wong mau padha ora ngombé anggur. Mangka Aku ora kèndel-kèndel ngandika marang kowé, éwasemono kowé ora padha gelem nurut karo Aku.
15 Aku ora kendhat-kendhat ngutus nabi-Ku, sing padha nuturi kowé supaya padha mari gawé dosa, lan padha nglakoni kang becik. Para nabi mau padha ngélingaké kowé supaya aja padha nyembah lan ngabekti marang allah liyané, mula bakal tetep pamanggonmu ana ing tanah sing Dakparingaké marang para leluhurmu. Nanging kowé padha ora gelem ngrungokaké utawa nggatèkaké pangandika-Ku.
16 Para turuné Yonadab padha nglakoni prenatané leluhuré, nanging kowé padha nglawan marang Aku.
17 Mulané Aku, Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé Israèl bakal nekakaké kanggo — wong Yéhuda

lan wong Yérusalèm — sakèhé bilai
sing wis Dakjanjèkaké. Kuwi merga
kowé padha ora gelem nggugu marang
pangandika-Ku lan kowé ora gelem
mangsuli samasa Daktimbali."
18 Aku banjur nglantaraké marang kaum
Rékhab pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa, Allahé Israèl, mengkéné,
"Sarèhné kowé wis padha mbangun-
turut marang préntahé leluhurmu
Yonadab, lan nglakoni sakèhé pituduhé
marang kowé.
19 Mulané Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa, Allahé Israèl, janji yèn
turuné Yonadab bin Rékhab selawasé
bakal duwé turun lanang sing ngladèni
Aku."
36 1 Nalika Yoyakim bin Yosia
enggoné jumeneng raja ing
Yéhuda nyandhak taun sing kaping
pat, Pangéran ngandika marang aku
mengkéné,
2 "Njupuka kertas gulungan lan tulisen
ana ing kono sakèhing pangandika sing
wis Dakwangsitaké marang kowé bab
Israèl lan Yéhuda sarta para bangsa
kabèh. Tulisen sakèhing pangandika-Ku
wiwit nalika Aku maringaké wangsit

kawitan marang kowé, yakuwi nalika
Yosia dadi raja, nganti tekan saiki.
3 Mbokmenawa wong Yéhuda krungu
bab sakèhé bebaya sing bakal
Daktekakaké, banjur padha mratobat
saka kelakuané sing ala, mula Aku banjur
ngapura pialané lan dosa-dosané."
4 Aku banjur ngundang Barukh bin
Neria; banjur dakdhikté bab sakèhé
pangandika sing didhawuhaké déning
Allah marang Aku. Barukh banjur nulis
kabèh mau ana ing kertas gulungan.
5 Aku kandha karo Barukh mengkéné,
"Aku saiki ora olèh mlebu ing Pedalemané
Allah menèh.
6 Nanging aku kepéngin supaya kowé
sing mrana, yèn wong-wong mbeneri
padha pasa. Sing koktulis ana ing
kertas gulungan kuwi wacakna sing sora
marang wong-wong sing padha ana
ing kono, supaya wong kabèh padha
krungu apa waé sing didhawuhaké
déning Pangéran marang aku. Lan
sing wis dakkon nulisi kowé, kuwi
wacakna marang sapa waé sing gelem
ngrungokaké, iya marang wong-wong
sing padha teka saka kutha-kuthané
Yéhuda.

7 Mbokmenawa wong-wong banjur
padha gelem bali lan mratobat
saka penggawéné sing ala, merga
Pangéran wis ngancam bakal nekakaké
bebaya sing nggegirisi banget marang
wong-wong mau."
8 Barukh banjur maca pangandikané
Allah mau ana ing Pedalemané Allah
cocog karo piwelingku marang dhèwèké.
9 Ing sasi kaping sanga, taun kaping
limané Yoyakim jumeneng raja ing
Yéhuda, wong-wong padha pasa, supaya
olèh berkahé Pangéran. Wong sing padha
manggon ing Yérusalèm, mengkono uga
sing padha teka saka kutha-kuthané
Yéhuda, kabèh padha nglakoni pasa.
10 Wong mau kabèh padha ngrungokaké
Barukh sing maca saka kertas gulungan,
sakèhé tembungku sing ditulis dhèwèké.
Enggoné maca mau ana ing Pedalemané
Allah, ing kamaré Gemarya anaké
sèkretaris Safan. Kamar mau ana ing
plataran ndhuwur, cedhak karo Gapura
Anyar.
11 Mikhaya bin Gemarya bin Safan
krungu pemacané Barukh saka kitab
gulungan mau, bab sakèhé dhawuh sing
dingandikakaké déning Pangéran.

12 Mikhaya banjur menyang kedhaton,
menyang kamaré sèkretaris kraton.
Para pegawé lagi padha ngumpul ana
ing kono. Èlisama, sèkretarisé kraton,
Délaya bin Semaya, Èlnatan bin Akhbor,
Gemarya bin Safan, Zedekia bin Hananya
lan para pegawé liyané mbeneri ana ing
kono kabèh.
13 Mikhaya banjur ngaturi pirsa marang
para penggedhé mau sakèhé pangandika
sing dirungu, nalika Barukh macakaké
kitab gulungan mau marang wong akèh.
14 Para penggedhé mau banjur utusan
Yehudi bin Nétanya, bin Selèmya, bin
Kusy, nimbali Barukh didhawuhi nggawa
kitab gulungan sing diwacakaké marang
wong akèh.
15 Banjur padha ngandika marang
Barukh, "Mangga kula aturi lenggah,
sarta maosaken kitab menika kanggé
kula sedaya." Barukh banjur njupuk
kitabé gulungan.
16 Bareng olèhé maca wis rampung para
penggedhé mau padha kagèt banget,
nuli kandha siji karo sijiné, "Kita kedah
énggal-énggal ngaturaken sakathahing
pangandika menika dhateng Sang
Prabu."

17 Banjur padha ndangu marang Barukh,
"Kadospundi caranipun panjenengan
ngantos saged nyerat prekawis menika
sedaya? Menapa panjenengan dipun
dhikté déning Yérémia?"
18 Wangsulané Barukh, "Inggih, Nabi
Yérémia ndhikté kula, lajeng kula serat
mawi mangsi ing kertas gulungan
menika."
19 Para penggedhé banjur padha
ngandika mengkéné, "Panjenengan
lan Nabi Yérémia kedah sami ndhelik
sampun ngantos kasumerepan sintena
kémawon."
20 Para penggedhé banjur padha
nyinggahaké kitab gulungan mau ana
ing kamaré Èlisama, sèkretaris kraton,
banjur padha sowan Sang Prabu,
nglapuraké kedadéan mau kabèh.
21 Sang Prabu banjur ngutus Yehudi
njupuk kitabé gulungan. Kitab mau
banjur dijupuk saka kamaré Èlisama,
sarta diwacakaké marang Sang Prabu
lan para penggedhé sing padha ngadeg
ing sacedhaké.
22 Nalika semono mangsa bedhidhing,
mula Sang Prabu lenggah ana ing

pasanggrahan ing mangsa bedhidhing,
cedhak karo prapèn murub.
23 Yehudi enggoné maca lagi entèk
telu patang kaca, bareng Sang
Prabu mundhut sing wis kawaca
mau, nuli disuwèk nganggo péso lan
dicemplungaké ing geni. Mengkono
saterusé nganti kitab gulungan mau
entèk kobong kabèh.
24 Sang Prabu sarta para pegawé sing
padha krungu pangandikané Pangéran
mau ora ana sing katon wedi utawa
sedhih.
25 Senajan Èlnatan, Délaya lan Gemarya
nyuwun supaya Sang Prabu aja ngobong
kitab mau, nanging panjenengané ora
maèlu.
26 Malah dhawuh marang Pangéran
Yerahméèl lan Seraya bin Azrièl sarta
Selèmya bin Abdéèl supaya nyekel aku
lan Barukh sèkretarisku. Nanging aku
diumpetaké déning Pangéran.
27 Sawisé Raja Yoyakim ngobong kitab
gulungan sing didhiktèkaké marang
Barukh, Pangéran ngandika marang
aku, supaya njupuk kertas gulungan lan
nulis menèh sakèhé pangandika sing

wis katulis ana ing kitab gulungan sing
kapisan.
28 (36:27)
29 Aku didhawuhi matur marang Sang
Prabu mengkéné, "Kitab gulungan wis
kokobong lan kowé wis takon marang
Yérémia apa sebabé nulis, yèn raja
ing Babil bakal teka lan nggempur
tanah kéné sarta matèni wong-wongé
sakéwan-kéwané pisan?
30 Saiki Aku ngandika marang kowé,
Raja Yoyakim, ora ana turunmu sing
bakal dadi raja ana ing kratoné Dawud.
Jisimmu bakal dibuwang ing njaba,
temah yèn awan kepanasen lan yèn
bengi kadhemen merga kena ing ebun.
31 Kowé bakal Dakukum, mengkono
uga anak-turunmu lan para pegawému
merga saka sakèhé piala sing padha
dilakoni. Kowé lan wong-wong ing
Yérusalèm apa déné wong Yéhuda padha
ora nggatèkaké marang piweling-Ku,
mulané Aku bakal nekakaké sakèhé
bebaya sing wis Dakgawé ngancam
marang kowé."
32 Aku banjur njupuk kertas gulungan
menèh, dakwènèhaké marang Barukh,
sèkretarisku. Barukh banjur nulis kabèh

sing wis dakwedharaké. Apa sing kaemot
ana ing kitab gulungan kapisan ditulis
kabèh, semono uga sakèhé bab sing
dakdhiktèkaké.

37

1 Zedekia bin Yosia diangkat
déning Sang Prabu Nebukadnésar
dadi raja nggentèni Yoyakhin bin
Yoyakim.
2 Nanging Zedekia lan para pegawéné
sarta rakyaté ora nggatèkaké marang
pangandika sing kaparingaké déning
Pangéran.
3 Ing sawijining dina Sang Prabu
Zedekia utusan Yukhal bin Selèmya lan
Imam Zéfanya bin Maaséya nemoni
aku kanthi pamundhut supaya aku
ndongakaké bangsa Yéhuda lan Israèl
ana ing ngarsané Pangéran.
4 Aku nalika semono durung ditahan lan
isih srawung bébas karo rakyat.
5 Tentara Babil lagi ngepung kutha
Yérusalèm, nanging bareng krungu yèn
tentara Mesir wis tekan tapel watesé
tanah Mesir, banjur padha mundur.
6 Pangéran, Allahé Israèl, ngandika
marang aku,
7 supaya aku matur marang Raja
Zedekia mengkéné, "Tentara Mesir wis

budhal arep mitulungi kowé, nanging
bakal padha bali menèh.
8 Wong Babil padha bali mréné menèh,
nyerang lan ngrebut kutha iki. Kutha iki
bakal diobong nganti entèk.
9 Aku, Pangéran, nuturi kowé supaya
aja ngapusi awakmu dhéwé karo muni,
yèn wong Babil ora bakal bali mréné
menèh, sebab wong Babil bakal bali
mréné temenan.
10 Senajan ta kowé bisa ngalahaké
tentara Babil kabèh, nganti sing isih
mung kari wong-wong sing padha
ketaton, lan padha gumléthak ana ing
kémahé, éwasemono wong-wong mau
bakal padha tangi lan ngobong kutha iki
nganti entèk babar-pisan."
11 Tentara Babil mundur saka
Yérusalèm, merga tentara Mesir wis
cedhak.
12 Mulané aku arep lunga ninggal
Yérusalèm menyang wilayah Bènyamin
prelu ngurus bagéanku sing didhaku
déning keluargaku.
13 Nanging bareng aku tekan Gapura
Éfraim, ana perwira sing jaga kono,
jenengé Yeria bin Selèmya bin Hananya,

ngendheg aku karo muni, "Kowé arep
kianat, ngéloni wong Babil!"
14 Aku mangsuli, "Ora mengkono!
Aku ora arep kianat." Nanging Yeria
ora nggugu kandhaku. Aku dicekel lan
dipasrahaké marang para penggedhé.
15 Para penggedhé mau padha nepsu
banget karo aku lan awèh préntah
supaya aku digebugi lan dilebokaké ing
tahanan, ing omahé Yonatan, sèkretarisé
kedhaton, sing omahé didadèkaké
pakunjaran.
16 Aku dilebokaké kamar ing njero
lemah nganti wetara suwé.
17 Ing sawijining dina Sang Prabu
utusan marani aku. Ana ing kedhaton aku
didangu kalawan sesidheman, "Pangéran
menapa paring wangsit dhateng
panjenengan?" Atur wangsulanku,
"Kasinggihan, mila wonten! Panjenengan
badhé kaulungaken dhateng astanipun
raja ing Babil."
18 Aku banjur nyuwun pirsa
gentèn, "Dosa kula menapa dhateng
panjenengan, dhateng para pegawé lan
dhateng rakyat, déné kula panjenengan
lebetaken ing pakunjaran?

19 Wonten pundi para nabi panjenengan
ingkang sampun ngramal bilih raja Babil
mboten badhé nempuh perang nglawan
panjenengan lan tanah ngriki?
20 Lah, Sang Prabu, samenika
panjenengan kula aturi miyarsakaken
lan kersaa ndhahar atur kula. Kula
mugi sampun kawangsulaken malih ing
pakunjaran, ing griyanipun Yonatan,
sebab menawi mekaten kula mesthi
badhé pejah wonten ing ngriku."
21 Raja Zedekia banjur dhawuh supaya
aku dilebokaké ing kamar tahanan
kedhaton. Aku banjur ditahan ana ing
kono, lan saben dina diwènèhi roti siji
wutuh gawéané tukang roti, nganti
saentèké roti ing kutha kono.

38
1 Séfaca bin Mattan, Gedalya bin
Pasyhur, Yukhal bin Malkia padha
krungu pangandikané Pangéran sing
dakkandhakaké marang wong akèh,
mengkéné,
2 "Sing sapa tetep manggon ing
kutha kéné bakal mati ing peprangan,
merga saka paceklik utawa pageblug.
Nanging sing sapa metu saka kutha lan
masrahaké awaké marang wong Babil

bakal ora dipatèni. Saora-orané wong
kuwi bakal bisa oncat lan slamet."
3 Aku iya ngandhakaké wangsité
Pangéran marang aku, mengkéné,
"Kutha iki bakal Dakulungaké ing
tangané wong Babil, lan bakal direbut."
4 Aku banjur dicekel déning para
pegawé lan diladèkaké Sang Prabu,
aturé, "Tiyang menika kedah kaukum
pejah. Sebab mungel ingkang kados
mekaten, para serdhadhu ing kitha
menika badhé kécalan semangat.
Piyambakipun inggih mungel ingkang
kados mekaten wau dhateng saben
tiyang ingkang taksih manggèn ing kitha
menika. Piyambakipun mboten suka
pitulung dhateng tiyang-tiyang, nanging
malah damel cilakanipun."
5 Wangsulané Raja Zedekia, "Ya wis
becik, lakonana sing dadi karepmu. Aku
ora bisa menggak."
6 Aku banjur digawa menyang sumuré
pangéran Malkia, sing papané ana ing
plataran kedhaton. Aku dilebokaké ing
sumur, dikèrèk nganggo dhadhung.
Sumuré asat, mung ana endhuté. Dadi
aku ambles ana ing endhut mau.

7 Èbèd-Mèlèkh, wong Sudan, abdiné
Sang Prabu sing nyambut-gawé ana
ing keputrèn ing kraton kono, krungu
yèn aku dilebokaké ing sumur. Nalika
semono Sang Prabu nampi wong sing
padha séba ana ing Gapura Bènyamin.
8 Èbèd-Mèlèkh banjur mrono, aturé
marang raja,
9 "Pendamelipun tiyang-tiyang dhateng
Yérémia menika mboten leres.
Piyambakipun dipun lebetaken ing
sumur lan mesthi badhé pejah kaliren,
margi ing kitha sampun mboten wonten
tetedhan babar-pisan."
10 Sang Prabu banjur dhawuh marang
Èbèd-Mèlèkh supaya ngajak wong telu
ngangkat aku saka njeroning sumur,
sadurungé aku mati.
11 Èbèd-Mèlèkh banjur mangkat karo
wong telu menyang gudhangé kedhaton,
njupuk sandhangan amoh, diedhunaké
nganggo tali.
12 Èbèd-Mèlèkh mbengoki aku; aku
dikon ndèkèkaké gombalan mau ing
ngisoré cangklakanku, supaya taliné ora
natoni aku. Aku iya manut,

13 nuli dikèrèk déning wong-wong mau
metu saka sumur. Sawisé mengkono aku
banjur ditahan ana ing plataran.
14 Liya dina menèh aku disowanaké
marang Sang Prabu ana ing Pedalemané
Allah, ing gapura katelu. Sang Prabu
ngandika mengkéné, "Kula badhé
nyuwun pirsa dhateng panjenengan bab
setunggaling prekawis, lan kula suwun
panjenengan ngandika kalayan blaka."
15 Aturku, "Menawi kula matur blaka,
kula mesthi Panjenengan pejahi,
lan menawi kula aturi pamrayogi,
Panjenengan mesthi mboten kersa
menggalih."
16 Sang Prabu janji kanthi dhedhemitan
mengkéné, "Demi Allah ingkang gesang,
ingkang paring gesang dhateng kula
sedaya, kula mboten badhé mejahi
panjenengan utawi ngulungaken ing
tanganipun tiyang ingkang ngangkah
mejahi panjenengan."
17 Aku banjur matur marang Sang Prabu
menawa Pangéran Kang Mahakwasa,
Allahé Israèl ngandika mengkéné,
"Menawa kowé masrahaké uripmu
marang para perwirané raja ing Babil
kowé bakal diéman lan ora dipatèni,

nanging kutha iki bakal diobong nganti
ludhes. Kowé lan kulawargamu bakal
diuripi.
18 Nanging yèn kowé ora teluk, kutha
iki bakal kaulungaké ing tangané Babil,
lan kaobong, sarta kowé bakal ora bisa
oncat."
19 Nanging Sang Prabu ngandika
mengkéné, "Nanging kula ajrih dhateng
sesami kula tiyang Israèl, ingkang
sampun sami mlémbar dhateng tiyang
Babil. Saged ugi kula dipun ulungaken
dhateng piyambakipun, lajeng dipun
siksa."
20 Aku matur mengkéné, "Panjenengan
mboten badhé kaulungaken dhateng
tiyang-tiyang menika. Kula nyuwun
kanthi sanget, Panjenengan
mugi mbangun-turuta dhateng
pangandikanipun Pangéran, murih
samukawis prekawis badhé dados
saé, lan Panjenengan badhé lestantun
sugeng.
21 Nanging Pangéran sampun paring
tetingalan dhateng kula, menapa
ingkang badhé kelampahan menawi
Panjenengan mboten kersa teluk.

22 Ing tetingalan wau kula sumerep
tiyang-tiyang èstri ingkang kantun
wonten ing kedhatonipun Yéhuda dipun
irid medal dhateng raja Babil lan para
perwiranipun. Kula aturi mirengaken
menapa ingkang dipun ucapaken déning
tiyang-tiyang èstri wau, ‘Sang Prabu
wis dikianati déning para mitrané,
Panjenenganė wis dikalahaké. Lan
bareng Panjenengané keblebek ing
endhut, para mitrané padha ninggal
Panjenengané.’"
23 Aku nambahi, "Sedaya garwa lan
putra Panjenengan badhé kairid medal
déning tiyang Babil, lan Panjenengan
piyambak mboten badhé saged oncat.
Panjenengan lajeng badhé dipun tawan
déning raja ing Babil, lan kitha menika
badhé kabesmi telas."
24 Raja Zedekia mangsuli, "Sampun
ngantos wonten tiyang ingkang ngertos
enggèn kita rembagan menika, supados
panjenengan mboten pejah.
25 Menawi para punggawa ngertos
bilih kula sampun rembagan kaliyan
Panjenengan, temtu sami badhé takèn
dhateng Panjenengan menapa ingkang
kula rembag kaliyan Panjenengan.

Mesthi badhé sami janji mboten
badhé mejahi Panjenengan, menawi
Panjenengan nyriyosaken bab wau
dhateng piyambakipun.
26 Panjenengan sanjang kémawon, bilih
Panjenengan nyuwun dhateng kula,
murih mboten kawangsulaken dhateng
pakunjaran malih lan pejah wonten ing
ngriku."
27 Para penggedhé pancèn banjur padha
marani aku lan takon. Aku mangsuli plek
kaya sing dingandikakaké déning Sang
Prabu marang aku. Para penggedhé mau
ora bisa kandha apa-apa, sebab ora ana
wong sing neksèni pirembugané Sang
Prabu karo aku.
28 Aku tetep ditahan ana ing plataran
kedhaton, nganti dinané Yérusalèm
karebut déning mungsuh.

39

1 Ing sasi kasepuluh, taun kaping
sanganė Zedekia jumeneng raja
ing Yéhuda, Nebukadnésar raja ing
Babil lan tentaranė ngebyuk nyerang
Yérusalèm.
2 Ing dina kaping sanga, sasi kaping
pat, taun kaping sewelasé Zedekia
jumeneng raja, bètèngé Yérusalèm
bedhah.

3 (Nalika Yérusalèm karebut déning
mungsuh, para perwirané raja Babil
mlebu kutha lan padha mapan ana ing
Gapura Tengah. Yakuwi Nergal Sarèzèr,
Samgar Nebo, Sarsekhim, semono uga
para penggedhé liyané.)
4 Bareng Raja Zedekia pirsa kuwi mau
kabèh banjur nedya lolos ninggal kutha
ing wayah bengi, kadhèrèkaké déning
tentarané. Tindaké miyos ing dalan
sing ana ing satengahé petamananing
kedhaton, bablas menyang gapura,
tempuké bètèng loro; saka kono banjur
tindak ngener Lebak Yardèn.
5 Nanging tentara Babil terus ngoyak
lan Zedekia kacepeng ana ing sacedhaké
tanah ngaré Yérikho, banjur kasowanaké
Sang Prabu Nebukadnésar. Nalika
semono raja Babil mau lagi ana ing
kutha Riblah, ing wilayah Hamat. Ana ing
kana Raja Zedekia diadili lan didhawahi
paukuman déning Nebukadnésar.
6 Ya ana ing Riblah kono putra-putrané
disembelèh ana ing ngarepé Zedekia.
Mengkono uga para penggedhéné
Yéhuda padha disembelèh kabèh.

7 Sawisé mengkono Zedekia banjur
dicukil paningalé lan astané diranté,
diirid menyang Babil.
8 Bareng karo kuwi tentara Babil
ngobong kedhaton, omah-omahé rakyat
lan njugrugaké bètèngé kutha Yérusalèm
9 Wekasané Nebuzaradan, sénapatiné
tentara Babil, banjur préntah ngirid
rakyat sing isih kari ana ing kutha
kaboyong menyang Babil, dadi tawanan,
bebarengan karo wong-wong Israèl
sing padha mbangkang apa déné sing
mlémbar marang Babil.
10 Sapéranganing rakyat sing miskin
banget ditinggal ana ing Yéhuda déning
Nebuzaradan. Wong-wong sing padha
ora duwé palemahan mau padha
diwènèhi kebon anggur lan lemah
garapan.
11 Raja Nebukadnésar dhawuh marang
Nebuzaradan, sénapatiné tentara
mengkéné,
12 "Golèkana Nabi Yérémia, tumindakmu
sing becik. Aja kokpilara lan turutana
sapenjaluké."
13 Nebuzaradan bebarengan karo para
penggedhé sing dhuwur pangkaté,

yakuwi Nebusasban, Nergal Sarèzèr lan
penggedhé Babil liya-liyané,
14 padha methuk aku ana ing plataran
kedhaton. Aku dipasrahaké marang
Gedalya bin Safan supaya aku diteraké
menyang omahku kanthi slamet.
Mengkono dadiné aku bali manggon ana
ing satengahé rakyat menèh.
15 Nalika aku isih ditahan ana ing
plataran kedhaton, Pangéran ngandika
marang aku mengkéné,
16 "Èbèd-Mèlèkh, wong Sudan kuwi
kandhanana yèn Pangéran Kang
Mahakwasa, Allahé Israèl, wis janji
mengkéné, ‘Dhèk biyèn Aku wis
ngandika, yèn Aku bakal nekakaké
paukuman marang kutha iki, dudu
karaharjan. Samasa kelakon kowé bakal
nyipati dhéwé.
17 Nanging kowé bakal Dakreksa, mula
kowé ora bakal kaulungaké ing tangané
wong sing kokwedèni.
18 Kowé bakal slamet lan ora dipatèni.
Kowé bakal oncat lan lestari urip, merga
kowé precaya marang Aku!’" Mengkono
pangandikané Pangéran.

40 1 Sawisé aku diluwari déning
komandhan Nebuzaradan ana ing

Rama, Pangéran ngandika marang aku. Enggonku digawa tekan Rama kuwi karo diranté, bebarengan karo wong-wong liyané saka Yérusalèm lan saka Yéhuda, sing kaboyong dadi wong tawanan menyang tanah Babil.

2 Komandhané serdhadhu sing ngawal rombongan mau kandha karo aku mengkéné, "Pangéran Allah sampéyan sampun ngancam badhé ndhatengaken bebaya dhateng tanah menika.

3 Lan samenika sampun èstu kelampahan menapa ingkang dipun ngandikakaken. Menika sedaya margi bangsa sampéyan sampun damel dosa dhateng Pangéran sarta nglawan Panjenenganipun.

4 Samenika ranté sampéyan badhé kula uculi lan sampéyan kula luwari. Menawi sampéyan kepéngin tumut dhateng Babil kaliyan kula inggih kénging. Sampéyan badhé kula rimati. Nanging menawi sampéyan mboten kepéngin tumut, inggih mboten menapa-menapa. Sampéyan kénging milih badhé manggèn ing pundi kémawon ing negari menika, utawi badhé késah dhateng

pundi kémawon ingkang sampéyan
kajengaken."
5 Bareng aku ora mangsuli, komandhan
Nebuzaradan mau banjur kandha,
"Prayogi sampéyan wangsul kémawon
dhateng griyanipun Gedalya bin Ahikam
bin Safan, ingkang sampun kaangkat
déning raja ing Babil dados gubernur
kanggé daérah Yéhuda. Sampéyan
saged manggèn kaliyan Gedalya, ing
satengahipun rakyat, utawi késah
dhateng panggènan sanès ingkang
sampéyan anggep saé lan leres." Aku
banjur disangoni pangan karo presèn,
lan dikon lunga sekarepku.
6 Aku nuli manggon ing omahé Gedalya,
ing Mizpa, ana ing satengahé rakyat,
sing kari ana ing tanah kono.
7 Ora kabèh perwira lan prejurit Yéhuda
pasrah karo raja ing Babil. Wong-wong
mau krungu yèn raja Babil ngangkat
Gedalya dadi gubernur ing Yéhuda,
ditugasaké ngawat-awati wong-wong
sing ora katut kaboyong menyang Babil,
yakuwi wong-wong sing miskin dhéwé
ing satanah kono.
8 Ismaèl bin Netanya, Yohanan bin
Keréa, Seraya bin Takhumèt, anak-anaké

Safai, wong Netofa, lan Yézanya anaké
priyayi ing Maaka padha nemoni Gedalya
ing Mizpa didhèrèkaké tentarané.
9 Gubernur Gedalya nuturi wong-wong
mau mengkéné, "Yèn kowé pasrah karo
wong Babil, aku tanggung, kowé ora
susah kuwatir. Manggona ing tanah
kéné, ngawulaa marang raja Babil, lan
kowé bakal slamet.
10 Aku dhéwé tetep manggon ing
Mizpa, makili kowé kabèh, menawa
wong Babil padha teka mréné. Kowé
kena ngumpulaké anggur, woh-wohan,
lenga zaitun, lan kena koksimpen, sarta
manggon ing désa sing koksenengi."
11 Wong-wong Israèl sing manggon
ing Moab, ing Amon, ing Édom lan
ing tanah-tanah liyané padha krungu
yèn raja Babil ngidinaké wong Israèl
sawetara manggon ing Yéhuda lan wis
ngangkat Gedalya dadi gubernur.
12 Wong-wong mau banjur padha
ninggal tanah sing dipondhoki lan
padha bali menyang Yéhuda, sarta
nemoni Gedalya ing Mizpa. Ana ing kono
wong-wong mau padha nglumpukaké
woh anggur nganti olèh akèh banget.

13 Sawisé mengkono Yohanan lan
para komandhané prejurit-prejurit sing
padha tundhuk karo Babil, padha nekani
Gedalya ing Mizpa,
14 karo kandha mengkéné, "Menapa
Panjenengan mboten pirsa bilih Raja
Baalis ing Amon sampun ngutus Ismaèl
mejahi Panjenengan?" Nanging Gedalya
ora ngandel.
15 Yohanan banjur matur dhèwèkan
marang Gedalya mengkéné, "Kula badhé
mejahi Ismaèl, mboten badhé konangan
sinten-sintena. Kénging menapa tiyang
menika dipun parengaken mejahi
Panjenengan. Menika namung badhé
njalari tiyang Yahudi ingkang sami
ngempal kaliyan Panjenengan ing
ngriki kabuyaraken, lan menika badhé
ndhatengaken paukuman kanggé sedaya
tiyang ingkang kantun ing Yéhuda
ngriki."
16 Nanging Gedalya mangsuli, "Ismaèl
sampun ngantos sampéyan pejahi, awit
menapa ingkang sampéyan sanjangaken
bab Ismaèl menika mboten leres!"

41

1 Ing sasi kapitu taun kuwi Ismaèl
bin Nétanya bin Èlisama, krabaté
Sang Prabu lan perwirané Sang Prabu

sing dhuwur pangkaté, lunga menyang
Mizpa nemoni Gedalya, nggawa bala
wong sepuluh.
2 Nalika lagi padha mangan bebarengan,
Ismaèl lan balané sepuluh ngunus
pedhangé lan matèni Gedalya.
3 Ismaèl iya matèni wong Israèl kabèh
sing padha mèlu Gedalya ana ing Mizpa,
mengkono uga para serdhadhu Babil,
sing pinuju ana ing kono.
4 Ésuké sadurungé ana wong sing
meruhi patiné Gedalya,
5 ana wong wolung puluh teka
saka Sikèm, Silo lan Samaria. Wong
mau padha cukur jénggot, nganggo
sandhangan rowak-rawèk lan awaké
kebak tatu, merga ditatoni dhéwé.
Wong-wong mau padha nggawa gandum
lan menyan arep dienggo kurban ana ing
Pedalemané Allah.
6 Ismaèl metu saka Mizpa methukaké
wong-wong mau karo nangis. Bareng
ketemu karo wong-wong mau Ismaèl
kandha mengkéné, "Kula aturi sowan
manggihi Gedalya."
7 Nanging bareng wong-wong mau wis
mlebu ing kutha, banjur dipatèni déning

Ismaèl lan balané. Jisimé wong-wong
mau dicemplungaké ing sumur.
8 Ing rombongané wong-wong mau
ana sepuluh sing kandha karo Ismaèl
mengkéné, "Kula sampun sampéyan
pejahi. Kula gadhah tandhon tetedhan
ingkang kula dhelikaken wonten ing
sabin, rupi gandum, sair, lisah zaitun
tuwin maben." Wong-wong mau ora sida
dipatèni.
9 Sumur panggonané Ismaèl mbuwang
jisim-jisimé wong sing padha dipatèni
mau gedhé, yasané Sang Prabu Asa
nalika diserang déning Baésa, raja ing
Israèl. Sumur mau dikebaki Ismaèl
nganggo jisimé wong-wong sing
dipatèni.
10 Ismaèl iya banjur nyekel para putra-
putriné Sang Prabu lan wong liya-liyané
sing ana ing Mizpa. Wong-wong mau
dipasrahaké Nebuzaradan marang
pangreksané Gedalya. Wong kabèh mau
banjur ditawan déning Ismaèl lan digawa
lunga menyang daérahé wong Amon.
11 Yohanan anaké Karéah lan para
perwirané padha krungu bab pokalé
Ismaèl.

12 Banjur padha nglumpukaké balané
ngoyak Ismaèl bin Nétanya. Ketututan
ana ing sendhang sacedhaké Gibéon.
13 Bareng wong-wong sing ditawan
Ismaèl weruh Yohanan lan balané padha
bungah banget.
14 Banjur padha mbalik mèlu Yohanan
sabalané.
15 Nanging Ismaèl lan balané wolu
padha bisa oncat lan mlayu menyang
Amon.
16 Yohanan lan para perwiraning
tentaramé banjur mimpin wong-wong
sing diboyong déning Ismaèl. Wong-
wong sing ditawan déning Ismaèl ana
ing Mizpa sawisé Ismaèl matèni Gedalya
yakuwi: serdhadhu, wong wadon, bocah
lan wong kebirèn.
17 Wong-wong mau padha wedi karo
wong Babil merga Ismaèl wis matèni
Gedalya, sing didadèkaké gubernur
déning raja ing Babil. Mulané wong-wong
mau padha arep terus lunga menyang
Mesir, kanggo nyingkiri wong Babil. Ana
ing dalan padha ngaso ing Kimham,
sacedhaké Bètléhèm.
18 (41:17)

42 1 Para perwiraning tentara, klebu
uga Yohanan bin Karéah lan
Azarya bin Hosaya sarta rakyat kabèh
padha teka marani aku,
2 tembungé, "Panyuwun kula mugi
sampéyan turuti! Kula nyuwun
panjenengan dongakaken dhateng
Pangéran Allah kita, inggih kula sedaya
ingkang taksih kantun menika. Rumiyin
cacah kula kathah, nanging samenika
kantun sekedhik, kados ingkang saged
panjenengan pirsani menika.
3 Kula aturi nyuwunaken dhateng
Pangéran Allah kita nedahaken margi
ingkang kedah kula ambah, lan menapa
ingkang prelu sami kula lampahi!"
4 Aku mangsuli, "Ya, becik. Aku arep
ndedonga marang Pangéran Allah kita,
kaya penjalukmu. Lan apa waé sing
dingandikakaké, bakal dakkandhakaké
marang kowé. Aku ora arep ngurangi
senajan mung satembung waé."
5 Banjur padha kandha mengkéné,
"Mugi Pangéran dadosa seksi ingkang
setya tuhu lan kénging dipun pitados
menawia kula mboten ngèstokaken
sedaya pangandikanipun Pangéran, Allah
kita.

6 Mbingahaken menapa mboten
kanggénipun kula, kula sami badhé
ngèstokaken Pangéran Allah kita,
ingkang panjenengan suwuni pitedah
kanthi pandonga."
7 Let sepuluh dina Pangéran ngandika
marang aku.
8 Aku banjur nglumpukaké Yohanan,
para perwiranè tentara lan wong
liya-liyané kabèh.
9 Kandhaku mengkéné, "Pangéran,
Allahé Israèl, sing daksowani merga
saka penjalukmu ngandika mengkéné
marang aku,
10 ‘Yèn kowé gelem tetep manggon ing
tanah kéné, kowé bakal Dakbangun lan
ora Dakbubrah. Aku keduwung déné wis
nekakaké paukuman marang kowé.’
11 Aja padha wedi menèh marang raja
ing Babil. Aku nunggal karo kowé, lan
Aku bakal ngluwari kowé saka tanganė.
12 Merga Aku iki mahawelas, mulané
bakal gawé supaya wong mau melasi
kowé, lan marengaké kowé bali manggon
ana ing tanahmu menèh. Mengkono
pangandikané Pangéran."
13 Nanging kowé wong-wong sing
padha kari ana ing Yéhuda, kudu padha

mbangun-turut marang Pangéran,
Allahmu lan aja wegah manggon ing
tanah kéné. Kowé ora kena muni,
"Mboten, kula badhé manggèn wonten
ing tanah Mesir kémawon, awit ing
ngrika kula badhé mboten ngalami
perang malih lan mireng sabawaning
perang utawi kekirangan tedha." Yèn
kowé muni mengkono, Pangéran Kang
Mahakwasa, Allahé Israèl ngandika,
"Yèn kowé kenceng arep menyang tanah
Mesir lan manggon ana ing kana,
14 (42:13)
15 (42:13)
16 perang sing kokwedèni kuwi bakal
nututi kowé mrana, lan kekurangan
pangan sing gawé girismu bakal
ngetutaké lakumu, nganti kowé bakal
mati ana ing tanah Mesir.
17 Kabèh wong sing kenceng arep lunga
menyang tanah Mesir lan manggon ana
ing kana bakal mati merga perang,
kaliren utawa pageblug. Ora ana sing
bakal isih urip. Ora ana sing bakal bisa
ngoncati bebaya sing bakal Daktekakaké
marang wong-wong kuwi.
18 Pangéran Allahé Israèl ngandika,
‘Duka-Ku sing mulad-mulad sing

Daktekakaké marang wong-wong
Yérusalèm iya kuwi sing bakal
Dakesokaké marang kowé yèn kowé
padha lunga menyang tanah Mesir. Kowé
bakal dadi sesawangan sing nggegirisi.
Kowé bakal disepèlèkaké lan dipoyoki
ing wong lan jenengmu bakal dienggo
ngipat-ipati. Kowé bakal ora ndeleng
panggonan iki menèh.'"
19 Banjur dakterusaké, "Pangéran
ngandika marang kowé, kekarèné
wong-wong sing isih ana ing Yéhuda
supaya aja padha lunga menyang tanah
Mesir. Aku ngélingaké kowé sepisan
menèh,
20 poma aja salah tindakmu nganti
kowé nemu cilaka. Kowé wis njaluk aku
ndongakaké kowé marang Pangéran
Allah kita lan kowé wis janji arep
ngèstokaké dhawuhé.
21 Mangka bareng saiki kowé
dakkandhani dhawuhé Pangéran, kowé
nampik sakèhé dhawuh sing diparingaké
déning Pangéran marang kowé lantaran
aku.
22 Yèn mengkono, titènana: kowé
bakal mati merga déning perang, utawa

paceklik utawa pageblug ing tanah sing
arep kokparani."

43 1 Rampung enggonku ngandhani
wong-wong mau bab dhawuhé
Pangéran, Allahé, lantaran aku,
2 Azarya bin Hosaya lan Yohanan bin
Karéah sarta wong-wong liyané sing
padha gemunggung marani aku karo
kandha, "Pangandika panjenengan
menika goroh! Pangéran Allah kita
mboten dhawuh dhateng panjenengan
nyriyosi kula, bilih kula mboten angsal
késah dhateng tanah Mesir.
3 Nanging Barukh bin Neria menika
ingkang ngojok-ojoki panjenengan
nglawan dhateng kula, supados tiyang
Babil saged njajah kula malih, malah
sageda mejahi kula lan mbekta kula
dados tawanan dhateng Babil."
4 Mengkono dadiné Yohanan, para
perwirané tentara sarta wong-
wong liyané kabèh padha nampik
pangandikané Pangéran, sing dhawuh
supaya padha tetep manggon ana ing
tanah Yéhuda.
5 Kabèh wong sing isih kari ana ing
Yéhuda, mengkono uga wong-wong sing

padha bali saka pembuwangan ing tanah
manca.
6 Wong lanang-wadon, bocah lan
putri-putri putrané Sang Prabu, banjur
digawa déning Yohanan lan para perwira
menyang tanah Mesir. Kabèh wong sing
biyèn dipasrahaké déning Nebuzaradan,
panglimané tentara Babil, marang
Gedalya, klebu uga Barukh lan aku
padha katut kaboyong.
7 Mengkono enggoné padha nglawan
marang dhawuhé Pangéran sarta budhal
menyang tanah Mesir, menyang kutha
sing karan Takhpanhès.
8 Ing kutha kono Pangéran ngandika
marang aku mengkéné,
9 "Njupuka watu gedhé sawetara,
pendhemen ana ing sangarepé gedhong
pemeréntah, banjur lépanen lan wong
Israèl sawetara jaken neksèni sing
koktindakaké kuwi.
10 Kandhanana yèn Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa, Allahé Israèl, bakal ngutus
abdi-Ku Nebukadnésar saka tanah Babil
mréné; wong mau bakal mapanaké
dhamparé ing sandhuwuré watu-watu
sing kokpendhem mau lan masang
kémahé keprabon ana ing kono.

11 Nebukadnésar bakal teka lan
nelukaké Mesir. Wong sing pinesthi
mati merga déning pageblug bakal
mati merga pageblug. Wong sing
pinesthi ditawan bakal digawa lunga
dadi tawanan lan sing sapa pinesthi mati
ana ing peprangan bakal mati ana ing
peprangan.
12 Aku bakal nekakaké geni sing
ngobong kuil-kuilé para allahé wong
Mesir lan rajané wong Babil bakal
ngobong allah-allah mau utawa diboyong
saka kono. Kaya déné pangon sing
métani sandhangané supaya resik
ora ana tumané, mengkono uga Raja
Nebukadnésar bakal ngresiki tanah
Mesir, banjur lunga menèh lan menang.
13 Wong mau bakal ngrusak tugu-tugu
watu sesembahané wong Mesir sing ana
ing Héliopolis lan ngobong kuil-kuilé para
allahé wong Mesir."

44 1 Pangéran ngandika marang
aku bab wong Israèl sing padha
manggon ing tanah Mesir, ing kutha-
kutha Migdol, Takhpanhès, ing Mèmfis
lan ing tanah Patros, yakuwi tanah Mesir
sisih Kidul;

2 dhawuhé Pangéran Kang Mahakwasa
Allahé Israèl mengkéné, "Kowé wis
padha nyipati dhéwé sakèhé bebaya sing
Dakdhawahaké marang Yérusalèm lan
kutha-kutha ing Yéhuda liyané. Tekan
sepréné kutha-kutha mau isih rupa
jugrugan lan ora ana wong siji-sijia sing
manggon ana ing kono.
3 Merga wong-wong sing biyèn
manggon ing kono padha gawé piala, lan
njalari duka-Ku. Wong-wong mau padha
gawé kurban lan nyembah marang
allah-allahé bangsa-bangsa liya sing ora
dingertèni; iya kowé lan para leluhurmu
padha ora ngerti.
4 Aku ora kendhat-kendhat ngutus para
nabi-Ku, para nabi, sing nuturi kowé
supaya aja nindakaké prekara nistha
sing Daksengiti.
5 Nanging kowé padha ora gelem
ngrungokaké lan ngèstokaké. Kowé
padha tetep gawé kurban lan nyembah
marang allah-allah liya mau.
6 Mulané Aku banjur ngesokaké
paukuman-Ku marang kutha-kutha ing
Yéhuda lan dalan-dalan ing Yérusalèm.
Sarta Dakobong kabèh, mula dadi

jugrugan lan tekan sepréné dadi
sesawangan sing nggegirisi.
7 Saikiné Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa Allahé Israèl takon marang
kowé, yagéné kowé nekakaké paukuman
gedhé marang awakmu dhéwé? Apa
kowé arep nekakaké bebaya marang
wong lanang wadon, bocah-bocah lan
bayiné wong Yéhuda nganti ora ana sing
kari siji-sijia?
8 Yagéné kowé ana ing tanah
pangungsèn ing Mesir kéné njalari
duka-Ku merga enggonmu gawé kurban
lan nyembah marang allah-allah liya?
Apa karepmu arep ngrusak awakmu
dhéwé, supaya ora kajèn ing antarané
bangsa-bangsa lan jenengmu dienggo
ngipat-ipati wong?
9 Apa kowé wis lali karo sakèhé piala
sing ditindakaké ana ing kutha-kutha
Yéhuda lan ing dalan-dalan Yérusalèm
déning para leluhurmu, déning para raja
lan para seliré, déning kowé dhéwé lan
para selirmu?
10 Tekan sepréné kowé padha ora
mratobat lan ngasoraké awakmu.
Kowé ora ngurmati Aku lan uripmu
ora manut angger-angger-Ku sing

Dakparingaké marang kowé lan marang
para leluhurmu.
11 Mulané Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa, Allahé Israèl, bakal nglawan
kowé lan numpes wong Yéhuda kabèh.
12 Lan sepira ana kekarèné wong
Yéhuda sing kenceng arep lunga
menyang tanah Mesir lan manggon
ana ing kono, kuwi kabèh bakal
Daksirnakaké. Kabèh, iya sing gedhé,
utawa sing cilik, bakal mati ana ing
tanah Mesir merga déning perang utawa
mati kaliren. Wong-wong mau bakal dadi
sesawangan sing nggegirisi. Wong-wong
mau bakal diina déning para bangsa lan
jenengé dienggo ngipat-ipati wong.
13 Wong-wong sing padha manggon
ing tanah Mesir bakal Dakukum, kaya
enggon-Ku ngukum Yérusalèm, yakuwi
srana perang, paceklik lan pageblug.
14 Nganti kekarèné wong Yéhuda sing
ngungsi menyang tanah Mesir lan arep
manggon ana ing kana, bakal ora ana
sing bali menyang Yéhuda menèh, kaya
sing dadi pengangen-angené, kejaba
mung wong sawetara."
15 Sawisé mengkono sakèhé wong
lanang sing ngerti yèn bojoné uga gawé

kurban lan nyembah marang allah-allah
liyané, semono uga para wong wadon
sing padha ngadeg ana ing kono lan
wong Israèl sing padha manggon ana
ing tanah Mesir sisih Kidul, cekaké
klumpukané wong akèh banget mau
padha kandha karo aku mengkéné,
16 "Menggah menapa ingkang
panjenengan ngandikakaken atas
asmanipun Pangéran wau kula mboten
saged nampi.
17 Kula badhé nindakaken pikajeng
kula piyambak. Kula tetep sami badhé
damel kurban dhateng déwa kula,
inggih menika Raja Putri ratuning langit.
Tetep badhé saos kurban unjukan
dhateng piyambakipun kados ingkang
sampun kula tindakaken sarta dipun
tindakaken déning para leluhur kula,
para raja lan para pemimpin kula wonten
kitha-kithanipun Yéhuda tuwin ing
margi-marginipun Yérusalèm. Mila kula
badhé mboten kekirangan tedha; gesang
kula badhé makmur, kalis saking sedaya
rubéda.
18 Sebab wiwit kula kèndel saos kurban
dhateng Ratuning Langit lan mboten
saos sesajèn unjukan anggur kula sami

ketelasan tedha, tiyang-tiyang kula
sami pejah ing peprangan utawi pejah
kaliren."
19 Wong-wong wadon mau padha
kandha menèh mengkéné, "Menawi kula
sami damel kuwih ingkang kawangun
kados Raja Putrining Langit lajeng kula
saosaken minangka kurban dhateng
piyambakipun, sarta saos sesajèn
unjukan anggur, sémah kula sami
ngertos lan ngrujuki pendamel kula."
20 Aku banjur kandha karo sakèhé wong
lanang lan wadon sing mangsuli aku
mau mengkéné,
21 "Kurban sing kokgawé lan digawé
déning para leluhurmu sarta déning para
raja lan para pemimpinmu, apa menèh
déning rakyat ing kutha-kuthané Yéhuda
lan ing dedalan ing Yérusalèm, apa
kokkira Pangéran ora pirsa mau kabèh
utawa kesupèn?
22 Saiki tanahmu wis dadi jugrugan
lan ora ana sing ngenggoni. Dadi
sesawangan sing nggegirisi, lan jenengé
dienggo nyupatani wong, merga
Pangéran wis ora tahan menèh mirsani
pialamu lan pretingkahmu sing nistha.

23 Paukuman mau kabèh nekani kowé
merga kowé wis padha nyembah marang
allah-allah liyané lan wis nglakoni dosa
marang Pangéran krana enggonmu
mbaléla marang dhawuh-dhawuhé."
24 Wong akèh mau padha dakkandhani,
luwih-luwih para wong wadon, bab apa
sing dingandikakaké déning Pangéran
Kang Mahakwasa, Allahé Israèl, kanggo
wong-wong Yéhuda sing padha manggon
ing Mesir, mengkéné, "Kowé lan para
somahmu wis padha sumpah marang
Raja Putrining Langit yèn kowé arep
gawé kurban lan sesajèn kanggo déwa
mau, mangka kuwi ya wis koktetepi.
Yèn mengkono ya uwis! Tetepana
sumpahmu! Punagimu luwarana!
25 (44:24)
26 Nanging saiki padha rungokna
janji-Ku sing Dakucapaké sajroning
mulading duka-Ku, atas asma-Ku kang
mahakwasa, tumraping wong Israèl,
sing padha manggon ing tanah Mesir,
'Aja pisan-pisan kowé sumpah nganggo
asma-Ku ing selawas-lawasé,' karo muni,
'Demi Allah kang gesang aku sumpah!'
27 Kowé bakal Dakgawé supaya
ora ngalami kemakmuran, malah

Daktumpes. Kowé kabèh bakal padha
mati merga perang utawa pageblug,
nganti ora ana siji waé sing kari urip.
28 Mung wong sawetara ing antaramu
sing bakal oncat saka ing pati lan
bali saka Mesir menyang Yéhuda.
Wong-wong kekarèné kuwi sing
bakal ngerti tembungé sapa sing
kelakon: Pangandika-Ku apa kandhané
wong-wong kuwi.
29 Aku, Pangéran bakal mbuktèkaké yèn
Aku bakal ngukum kowé ing panggonan
kéné lan janji enggon-Ku arep numpes
kowé kuwi bakal kelakon temenan.
30 Hofra, raja ing Mesir bakal
Dakulungaké ing tangané para
mungsuhé sing ngarah patiné, kaya
enggon-Ku ngulungaké Zedekia raja ing
Yéhuda marang Nebukadnésar raja ing
Babil, mungsuhé Zedekia sing ngarah
patiné."

45

1 Nalika Yoyakim bin Yosia
enggoné jumeneng raja ing
Yéhuda nyandhak taun kapat, Barukh
nulis pangandikané Pangéran sing
kawangsitaké marang aku. Aku kandha
karo Barukh,

2 yèn Pangéran, Allahé Israèl, ngandika
mengkéné, "Barukh,
3 sarèhné kowé tau kandha, ‘Adhuh
cilaka aku, Pangéran wis nambahi
kasusahanku. Aku wis kesayahen merga
saka enggonku sesambat, mangka ora
olèh katentreman!’
4 Nanging Aku, Pangéran, Aku bakal
mbubrah apa sing Dakyasa, lan apa sing
Daktandur bakal Dakbedholi; mengkono
sing bakal Daktindakaké sajagad rata.
5 Kowé aja ngarah marang prekara sing
muluk-muluk kanggo awakmu dhéwé!
Poma aja duwé pepénginan mengkono!
Merga Aku bakal nekakaké paukuman
marang manungsa kabèh, nanging
kowé bakal Dakparingi bisa oncat,
supaya lestari urip, ana ing ngendi-endia
panggonan sing kokparani. Mengkono
pangandikané Pangéran."

46

1 Kanggo para bangsa, Pangéran
ngandika marang aku.
2 Kanggo Mesir Panjenenganè ngandika
bab tentarané Raja Néko ing Mesir, sing
dikalahaké déning Nebukadnésar, raja
Babil, ana ing Karkhemis, ing sapinggiré
Bengawan Éfrat, nalika Yoyakim bin

Yosia enggoné jumeneng raja ing Yéhuda
nyandhak taun kaping paté.
3 "Para perwira Mesir padha ngabani,
‘Cepakna tamèng gedhé cilik lan majua
perang!
4 Jaranmu padha abah-abahana[p] lan
tunggangana! Barisanmu tatanen lan
tropongmu enggonen! Tumbakmu
asahen! Klambimu keré enggonen!’"
5 Pangéran ngandika menèh, "Yagéné
kokpadha cengkélak bali kanthi giris?"
Prejurité padha kalah, digecak lan
mundur, saka wediné padha mlayu
rerikatan tanpa nolèh ngiwa utawa
nengen.
6 Sing playuné kepengkok ora bisa
metu saka kono; para prejurit padha ora
bisa oncat. Bareng tekan Lor, sacedhaké
Éfrat, padha kesandhung lan tiba.
7 Sapa ta sing mbludag kaya Bengawan
Nil, kaya kali sing lubèr metu saka
tebingé?
8 Kuwi Mesir, sing mbludag kaya
Bengawan Nil, kaya kali lubèr metu
ngliwati pinggirané. Sumbaré Mesir, "Aku
dakmbludag ngerobi sajagad kabèh; aku
bakal numpes kutha-kutha saisiné.

---

[p]abah-abahan: pakéan kapal (jaran).

9 Jaran-jaran padha budhala, kréta-
kréta perang padha mbalapa! Para
prejurit padha budhala; sing asalé saka
tanah Sudan lan saka Libia, sing padha
nggawa tamèng, semono uga wong Lidia
sing padha nggawa gendhéwa."
10 Iki dinané Pangéran, Allah Kang
Mahakwasa, sing jumeneng Allah
piyambak. Ing dina iki Panjenengané
nekakaké piwalesé, ing dina iki
Panjenengané ngukum para mungsuhé.
Pedhangé bakal ngenani mungsuhé
nganti entèk kabèh, lan ngombé getihé
nganti wareg. Para mungsuhé Allah ing
dina iki kadadèkaké kurban sembelèhan,
ana ing tanah Lor, sacedhaké Bengawan
Éfrat.
11 Hé wong Mesir, padha menyanga
Giléad, padha golèka tamba ana ing
kana! Sebab tambamu wis ora mandi,
kowé wis ora bisa mari menèh.
12 Para bangsa wis padha krungu
bab niatmu; saben wong wis krungu
sambatmu. Prejurit sing siji nabrak
prejurit sijiné, nganti sakaroné padha
ambruk bareng.

13 Nalika Nebukadnésar, raja Babil perang nglurugi Mesir, Pangéran ngandika marang aku mengkéné:
14 "Wartakna menyang kutha-kutha ing Mesir, ing Migdol, Mèmfis lan Takhpanhès, ‘Padha cepak-cepaka njaga keslametanmu dhéwé; barang-darbèkmu bakal rusak kabèh merga tekané perang!
15 Yagéné déwamu Apis sing ampuh kokkalah? Merga dirubuhaké déning Pangéran.’
16 Prejuritmu wis padha kesandhung lan tiba; siji kandha karo sijiné: ‘Ayo, gelis padha bali waé, lan ngoncati pedhangé mungsuh!’
17 Jenengé raja ing Mesir kuwi gantinen waé: ‘Tukang gawé ribut sing léna ora angon wektu.’
18 Aku, Pangéran Kang Mahakwasa jumeneng raja, Aku Allah kang sipat gesang. Kaya déné Gunung Tabor dhuwuré ngungkuli gunung-gunung liyané, lan Gunung Karmèl njenggeleg ana ing sandhuwuré segara, ya mengkono karosané wong sing bakal teka nggempur kowé.

19 Cepak-cepaka, sebab kowé bakal
dadi tawanan, hé kowé, wong-wong
ing tanah Mesir! Mèmfis bakal dadi
ara-ara samun, dadi gempuran sing ora
dienggoni menèh.
20 Mesir kuwi kaya sapi sing bregas,
nanging diantup déning laler pitak.[q]
21 Prejurité sing diséwa padha tanpa
daya kaya pedhèt lemon; padha ora
nglawan merangi mungsuh, malah
padha minger banjur mlayu. Merga
kasangsarané wong kuwi wis tekan
titi-mangsané. Yakuwi mangsané padha
nemu karusakan.
22 Samasa ketekan ing mungsuh, Mesir
keplayu, ngglenes kaya ula. Digempur
mungsuhé nganggo wadung, kaya
carané wong negor wit-witan ing alas
gedhé.
23 Prejurité mungsuh saking akèhé
nganti ora kena diétung cacahé,
ngungkuli cacahé walang.
24 Wong Mesir padha kwirangan, merga
ditelukaké déning bangsa saka tanah
Lor. Mengkono pangandikané Pangéran."

---

[q]laler pitak: laler ingkang ngantup kados tawon.

25 Pangéran Kang Mahakwasa, Allahé
Israèl, ngandika mengkéné, "Amon,
déwané Tèbès bakal Dakukum, bareng
karo enggon-Ku ngukum Mesir karo para
déwané lan rajané. Rajané Mesir bakal
Dakukum, semono uga sakèhé wong
sing precaya.
26 Wong-wong mau bakal Dakulungaké
ing tangané wong-wong sing padha
ngarah patiné, yakuwi marang
Nebukadnésar, raja ing Babil lan
tentarané. Nanging mbésuk wong-wong
bakal padha bali manggon ing Mesir
menèh, kaya dhèk jaman biyèn.
Mengkono pangandikané Pangéran."
27 "Hé umat-Ku, kowé aja wedi. Hé
wong Israèl, kowé aja padha giris. Aku
bakal ngluwari kowé saka tanah adoh,
panggonanmu dadi tawanan. Kowé bakal
bali ing tanahmu menèh, lan manggon
ana ing kono kanthi tentrem; kowé bakal
aman, lan ora ana sing ngaru-biru utawa
gawé wedimu.
28 Aku bakal teka ngluwari kowé.
Para bangsa sing mboyong kowé dadi
tawanan bakal Daktumpes kabèh. Kowé
dhéwé bakal ora luput saka paukuman,
nanging paukuman-Ku bakal mung

sawetara. Mengkono pangandikané
Pangéran."
47
1 Sadurungé raja ing Mesir nyerbu
kutha Gaza, Pangéran ngandika
marang aku kanggo wong Filistéa
mengkéné,
2 "Delengen, bakal ana banjir teka
saka tanah Lor, bakal mbludag kaya
banjir bandhang. Bakal ngerobi tanah
lan samubarang sing ana ing kono,
kutha-kutha dalah wong sing padha
manggon ing kono. Wong kabèh bakal
padha bengok-bengok njaluk tulung,
lan sajagad kabèh bakal padha nangis
kelara-lara.
3 Bakal keprungu swara gemruduging
jaran lan kréta-perang. Para bapa bakal
ora bali nggolèki anak-anaké, merga wis
padha kentèkan tenaga.
4 Wis tekan dinané Filistéa diremuk, lan
kapedhotan bantuané Tirus lan Sidon.
Aku, Pangéran sing bakal numpes wong
Filistéa lan sakèhé wong sing asalé saka
ing Kréta.
5 Wong Gaza bakal ketekan pagiris, lan
wong Askelon bakal padha blangkemen.
Nganti tekan kapan wong Filistéa padha
sedhih merga kepatèn wong-wongé?

6 Kandhaa, ‘Nganti tekan kapan
pedhangé Pangéran enggoné
nyembelèhi? Balia menyang rangkamu
menèh, ngasoa ana ing kono!’
7 Nanging kepriyé bisané lèrèn, yèn
isih Dakdhawuhi nyambut-gawé? Pancèn
Dakdhawuhi nyerang Askelon lan sakèhé
wong sing manggon ana ing pesisir."

48 1 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa kanggo Moab
mengkéné, "Cilaka kowé wong Nebo,
merga kuthamu wis karusak! Kiryataim
wis karebut, bètèngé wis dijugrugaké,
wong sing padha manggon ana ing kono
padha kwirangan.
2 Kamulyané Moab wis ilang! Hèsbon
wis karebut déning mungsuh, malah
padha ngrancang arep nyirnakaké
bangsa Moab. Kutha Madmon bakal
ora ana swarané menèh; bakal dilurugi
perang déning mungsuh.
3 Wong-wong Horonaim padha
sesambat, ‘Panindhes! Karusakan
gedhé!’
4 Moab wis dadi gempuran; rungokna
tangisé bocah-bocah.
5 Swarané wong nangis keprungu
sedalan-dalan nganti tekan Luhit, lan

pesambaté wong ing sauruté dalan sing
anjog ing Horonaim,
6 ‘Rikat, mlayua golèka slamet!’
mengkono pangucapé, ‘Mlayua sing rikat
kaya kuldi alasan!’
7 Moab! Kowé ngendelaké kekuwatanmu
lan kasugihanmu, éwasemono kowé
bakal karebut lan katelukaké. Déwamu
Kamos bakal kagawa menyang
pembuwangan, bareng karo para
penggedhé lan para imamé.
8 Ora ana kutha sing bakal oncat saka
karusakan. Lebak lan tanah ngaré bakal
karusak kabèh. Mengkono pangandikané
Pangéran.
9 Gawéa watu nisan kanggo Moab;
merga sedhéla engkas bakal karusak.
Kutha-kuthané bakal dadi jugrugan, lan
ora ana wong sing manggon ing kono
menèh."
10 Nampaa paukuman saben wong sing
ora nglakoni pakaryané Allah kanthi
tumemen lan tulusing ati! Kenaa ing
laknat saben wong sing ora migunakaké
pedhangé kanggo ngwutahaké getih!
11 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Moab wiwit biyèn mula uripé tentrem
lan ora tau kaboyong menyang

pembuwangan. Moab kuwi kaya anggur
menep tanpa ana sing ngaru-biru, lan
ora tau diiling saka wadhah siji pindhah
wadhah sijiné. Rasané ora tau malih,
tetep énaké kaya asliné.
12 Saiki wis tekan mangsané Aku ngutus
wong ngiling Moab kaya anggur. Angguré
bakal disuntak saka wadhah-wadhahé,
sawisé mengkono wadhah-wadhah
guci-guci mau bakal diremuk.
13 Wong Moab bakal kwirangan ing
ngatasé Kamos, déwa sesembahané.
Ora béda karo wong Israèl sing padha
kwirangan ing ngatasé Bètèl, déwa sing
diendel-endelaké.
14 ‘Hé wong Moab, yagéné kowé
sesumbar yèn kowé kuwi pahlawan,
serdhadhu peng-pengan ing peprangan!’
15 Moab lan kutha-kuthané wis
kagempur; para nonomané sing
gagah-gagah wis mati disembelèh.
Aku iki jumeneng raja, Pangéran Kang
Mahakwasa. Mengkono pangandikané
Pangéran.
16 Ora suwé menèh Moab bakal ketekan
paukuman; sedhéla engkas bakal
katumpes.

17 ‘Padha nangisana Moab, hé sakèhé
wong sing ana ing sakiwa-tengené,
ya kabèh wong sing padha krungu
kesuwuré.’ Padha ngucapa, ‘Pangwasané
sing gedhé wis cunthel; kamulyané lan
pangwasané wis tamat!’
18 Hé sakèhé wong sing manggon
ana ing Dibon, padha medhuna saka
palungguhanmu sing dhuwur, lan
lungguha ing jogan sing reged; sebab
sing ngrusak Moab jumeneng ana ing
kéné, Panjenengané wis nggempur
bètèngé Moab kadadèkaké jugrugan!
19 Hé sakèhé wong sing manggon ing
Aroèr, padha ngadega ing sapinggiring
dalan lan ngentènana; padha takona
marang wong-wong sing padha keplayu,
takonana apa sing padha dialami.
20 Wong-wong mau bakal padha
mangsuli, ‘Moab wis rubuh, padha
tangisana. Moab wis dikalahaké,
wartakna sauruté Kali Arnon, yèn Moab
wis katumpes.’"
21 "Kutha-kutha sing ana ing tanah
lempar sing dhuwur wis padha ditibani
paukuman: Holon, Yahas, Méfaat,
22 Dibon, Nébo, Bèt-Diblataim,
23 Kiryataim, Bèt-Gamul, Bèt-Méon,

[24] Kériot, lan Bozra, lan sakèhé
kutha-kutha Moab sing adoh lan sing
cedhak.
[25] Pangwasané Moab wis kaputung;
kekuwatané wis pepes! Mengkono
pangandikané Pangéran."
[26] Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Moab gawénen mendem, merga wis
nglawan Aku. Moab bakal glimpangan
ana ing utah-utahané dhéwé lan bakal
digeguyu déning wong akèh.
[27] Moab, élinga nalika kowé padha
moyoki wong Israèl, sing rumangsamu
kokanggep maling.
[28] Hé sakèhé wong sing padha manggon
ing Moab, lungaa saka kutha-kuthamu
lan manggona ana ing gunung-gunung
parang! Dadia kaya manuk dara sing
gawé susuh ana ing tebingé jurang.
[29] Moab gemunggung banget! Aku
wis krungu bab gemunggungé lan
umuké. Bab enggoné ngendel-endelaké
kekuwatané dhéwé.
[30] Aku, Pangéran pirsa angkuhé. Sing
diegung-egungaké kuwi sejatiné mung
angin, lan apa sapenggawéné bakal ora
lestari.

31 Mulané aku arep nangisi saben wong
ing Moab lan wong sing padha manggon
ing Kir Hèrès.
32 Aku arep nangisi wong Sibma,
luwih-luwih wong-wong ing Yaézèr.
Hé kutha Sibma, kowé kuwi kaya wit
anggur, sing pang-pangé mrambat tekan
Segara Mati, terus tekan Yaézèr. Nanging
saiki woh-wohanmu pametuné mangsa
panas lan anggurmu wis rusak kabèh.
33 Kabegjan lan kabungahan wis
sumingkir saka palemahan subur
ing Moab. Pemipitané anggur bakal
Dakpepeti, nganti ora ngilèkaké anggur
menèh, mula ora ana wong gawé
ombèn-ombèn anggur lan suraké sing
gawé bakal sirep.
34 Wong-wong ing Hèsbon lan Eléalé
padha sesambat, nganti keprungu ing
Yahas lan Zoar, Horonaim lan Églat-
Selisia. Kali Nimrin asat babar-pisan.
35 Wong Moab bakal Dakcegah gawé
kurban obongan ana ing papan-papan
sing gawéné dienggo manembah lan
gawé sesajèn marang brahala-brahalané.
Mengkono pangandikané Pangéran.
36 Dadi atiku nangisi wong Moab
lan wong Kir Hèrès, kaya wong sing

ngunèkaké suling samasa ana wong
kepatèn, sebab barang-darbèké wis
entèk kabèh.
37 Wong kabèh wis padha nyukur
sirahé lan ngethok jénggoté sarta natoni
tangané, malah padha nganggo bagor.
38 Ing payon-payoné omah lan ing
alun-alun anané mung tangis, sebab
Moab wis Dakremuk kaya grabah sing
wis ora kanggo.
39 Moab wis Dakremuk! Bengok-
bengoka, yèn Moab wis dikalahaké.
Moab wis dadi jugrugan. Bangsa-bangsa
sakiwa-tengené padha nggeguyu lan
moyoki. Mengkono pangandikané
Pangéran."
40 Pangéran wis ngandika yèn bakal
ana bangsa sing nglayang kaya manuk
garudha ana ing sandhuwuré Moab.
41 Kutha-kuthané lan bètèngé bakal
karebut. Ing dina kuwi para prejuritè
Moab bakal padha ketekan giris kaya
wong wadon sing nglarani.
42 Moab bakal katumpes lan wis mari
olèhé dadi bangsa, merga enggoné
nglawan marang Aku.

43 Wong-wong Moab bakal ngadhepi
panganiaya, luwangan lan kala-jiret.
Mengkono pangandikané Pangéran.
44 Sing sapa arep ngoncati panganiaya
bakal kecemplung ing luwangan, lan sing
sapa arep metu saka luwangan bakal
kena kala-jiret, merga Pangéran wis
netepaké dinané kasangsaran kanggoné
Moab.
45 Wong ngungsi padha golèk
pengayoman ing Hèsbon, sing biyèn
dadi kutha krajané Raja Sihon, nanging
Hèsbon jebul suwung. Geniné ngobong
pinggiré tanah pegunungan sing
ndhuwur, panggonané wong Moab sing
dhemen perang.
46 Mesakaké temen wong Moab!
Wong-wong sing padha nyembah Kamos
bakal katumpes, anak-anaké lanang
lan wadon bakal padha kaboyong dadi
tawanan.
47 Nanging mbésuk Pangéran bakal
mbangun Moab dadi tanah sing makmur
menèh. Apa sing didhawuhaké déning
Pangéran saiki kanggo Moab bakal
kelakon kabèh.

49 1 Pangandikané Pangéran kanggo
Amon mengkéné, "Apa ing kéné

ora ana wong Israèl sing mbélani tanah
pusakané? Apa sebabé déné wong-wong
sing nyembah Déwa Molokh nganti bisa
ngrebut tanah pusakané taler Gad lan
padha manggon ana ing kono?
2 Nanging wis tekan mangsané
wong-wong sing padha manggon
ing kutha krajan Raba padha krungu
gemuruhing perang sing Daktekakaké,
sing bakal nggempur Raba lan ngobong
désa-désané kadadèkaké gempuran,
nganti Israèl ngebèki tanah mau kabèh,
karebut saka tangané wong-wong sing
biyèn ngrebut saka dhèwèké.
3 Hé wong Hèsbon, padha sambata!
Kutha Ai wis katumpes! Hé para wong
wadon ing Raba, kuthamu tangisana.
Padha nganggoa bagor lan padha
nangisa. Kowé bakal padha mlayu
karo gugup. Brahalamu Molokh bakal
kaboyong dadi tawanan bareng karo
para imam lan para penggedhé.
4 Hé wong murtad, yagéné kowé
padha kumenthus? Kowé wis ora
duwé kasektèn menèh. Yagéné kowé
ngendelaké marang kekuwatanmu lan
sesumbar yèn ora ana wong sing wani
nglurugi perang?

5 Aku bakal nekakaké pagiris sing
ngepung kowé. Kowé kabèh bakal padha
keplayu. Saben wong bakal keplayu
nylametaké uripé, lan bakal ora ana
wong sing nglumpukaké tentaramu
menèh.
6 Nanging mbésuk Aku bakal mbangun
Amon menèh dadi bangsa sing makmur.
Mengkono pangandikané Pangéran."
7 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa kanggo Édom mengkéné,
"Apa wong Édom wis ora duwé
kawicaksanan menèh? Apa penaséhaté
wis ora bisa awèh pamrayoga menèh
bab apa sing kudu ditindakaké déning
Édom? Apa sakèhé kawicaksanané wis
musna kabèh?
8 Hé wong ing Dédan, énggal padha
mlayua! Padha ndhelika! Sebab Aku
bakal numpes anak-turuné Ésau,
merga saiki wis tekan mangsané
Aku ndhawahaké paukuman marang
wong-wong mau.
9 Yèn wong ngundhuh anggur lumrahé
ngarèkaké woh sawetara ana ing wit,
lan kècu sing ngrampog ing wayah bengi
lumrahé mung njupuk barang sawetara
sing dibutuhaké.

10 Nanging Aku bakal mblèjèdi
anak-turuné Ésau lan ngeblakaké
papan-papan pandhelikané, nganti
padha ora bisa umpetan menèh. Wong
Édom kabèh bakal katumpes. Ora ana
siji waé sing kari.
11 Tinggalen anak-anakmu sing lola,
karebèn mèlu Aku; Aku sing bakal
ngrumati. Para randhamu Aku sing bakal
nguripi.
12 Yèn wong sing mesthiné ora katut
kaukum meksa kena ing paukuman, apa
kokkira kowé bisa ngoncati paukuman
kuwi? Ora, kowé kudu ngombé saka
tuwunging paukuman uga!
13 Aku wis sumpah yèn kutha Bozra
bakal dadi sesawangan sing nggegirisi
lan kaya ara-ara samun. Bozra bakal
dipoyoki wong akèh lan jenengé
dienggo ngipat-ipati wong. Désa-
désa ing sakiwa-tengené bakal dadi
jugrugan ing selawas-lawasé. Mengkono
pangandikané Pangéran."
14 Pangucapku mengkéné, "Édom,
aku wis tampa wangsit saka Pangéran.
Panjenengané wis ngutus wong
ndhawuhi bangsa-bangsa supaya padha

nglumpukaké wadyabalané lan samekta
nglurug perang nempuh kowé.
15 Kowé bakal digawé kalah déning
Pangéran, nganti kowé bakal ora kajèn.
16 Gemunggungmu wis nasaraké kowé.
Apa kokkira wong-wong padha wedi
karo kowé? Kowé manggon ana ing
gunung parang, nanging senajan kowé
manggon ing papan sing dhuwur kaya
manuk garudha, éwasemono Pangéran
bakal ngasoraké kowé. Mengkono
pangandikané Pangéran."
17 Pangandikané Pangéran, "Cilaka
wong sing bakal nekani Édom, semono
enggoné nggegirisi, nganti saben wong
sing liwat ing kono bakal kagèt lan
ketaman pagiris.
18 Sing dialami déning Édom kuwi ora
béda karo sing dialami déning Sodom lan
Gomora nalika katumpes bareng karo
kutha-kutha ing sakubengé. Ora ana
wong sing bakal gelem manggon ana ing
kono menèh. Mengkono pangandikané
Pangéran.
19 Kaya déné singa sing jumedhul saka
rerungkudan sauruté Kali Yardèn banjur
marani pangonan sing suketé ijo royo-
royo, kaya mengkono enggon-Ku bakal

teka, mula wong Édom bakal padha
keplayu dadakan saka negara kono.
Aku bakal milih pemimpin, sing ngerèh
bangsa mau. Aku arep dipadhakaké karo
sapa? Sapa sing wani nantang Aku? Raja
endi sing arep nglawan Aku?
20 Mulané rungokna rancangan-Ku
kanggo wong Édom, lan apa sing bakal
Daktindakaké marang kutha Téman.
Tekan anak-anaké pisan bakal disèrèd
metu lan saben wong bakal ketaman
pagiris.
21 Yèn Édom ambruk, swarané
ngoregaké bumi, lan sambaté bakal
keprungu tekan Teluk Akaba.
22 Mungsuhé bakal nempuh kutha Bozra
kaya manuk garudha sing nglayang karo
ngegaraké swiwiné. Ing dina kuwi para
prejuritè Édom bakal padha ketaman
pagiris kaya wong wadon sing lagi
nglarani."
23 Pangandikané Pangéran kanggo
Damsyik mengkéné, "Wong-wong sing
padha manggon ana ing kutha Hamat lan
Arpad bakal padha trataban lan gemeter
merga padha krungu kabar bakal tekané
paukuman. Wong kabèh padha ketaman
pagiris mula ora ana sing tentrem atiné.

24 Wong-wong sing padha manggon ing
Damsyik atiné ngedhap lan saka wediné
banjur padha mlayu. Padha nandhang
lara lan perih kaya wong wadon sing lagi
nglarani.
25 Kutha sing lumrahé seneng-seneng
malih dadi kutha suwung lan sepi.
26 Ing dina kuwi para nonoman bakal
padha dipatèni ana ing dalan-dalan, lan
sakèhé prejurit bakal padha katumpes.
27 Bètèngé Damsyik bakal Dakobong,
semono uga kedhatoné Raja Bènhadad.
Mengkono pangandikané Pangéran, Allah
Kang Mahakwasa."
28 Mengkéné pangandikané Pangéran
kanggo bangsa-bangsa Kédar lan
wilayah-wilayah jajahané kutha
Hazor, sing biyèn ditelukaké déning
Nebukadnésar, raja ing Babil, "Wong
Kédar lurugana perang lan tumpesen
bangsa sing ana ing sisih Wétan kuwi!
29 Rayahen kémah-kémahé lan
pepanthaning wedhusé, gordhèn-
gordhèné kémahé lan apa waé sing
ana ing kémahé. Unta-untané rebuten
kabèh lan wong-wongé kandhanana,
'Kowé dikepung déning panindhes lan
pangrodha-peksa!'"

30 Aku, Pangéran ngandika marang
kowé, "Hé wong Hazor, énggal mlayua,
lan ndhelika. Nebukadnésar raja ing
Babil ngrancang nglurugi perang kowé.
31 Mengkéné rasanané, ‘Ayo! Kita
nempuh bangsa sing rumangsané wis
aman lan sentosa! Kuthané ora nganggo
lawang lan slorogan sarta ora dijaga
babar-pisan.’
32 Unta-untané rebuten, semono uga
raja-kaya liyané! Wong-wong sing padha
nganggo potongan rambut cendhak kuwi
bakal Dakbuyaraké menyang endi-endi.
Aku bakal nekakaké paukuman marang
wong mau saka kéblat papat.
33 Hazor selawas-lawasé bakal dadi
ara-ara samun sing mung dienggoni
déning asu ajag. Ora ana wong sing
bakal manggon ana ing kono menèh.
Mengkono pangandikané Pangéran."
34 Ora wetara suwé sawisé Zedekia
jumeneng raja ing Yéhuda. Pangéran
Kang Mahakwasa ngandika marang aku
kanggo tanah Élam mengkéné,
35 "Wong sing padha pinter manah ing
Élam, sing ndadèkaké negara iki gedhé
pangwasané, bakal Dakpatèni kabèh.

36 Aku bakal nekakaké angin saka
kéblat papat sing mbuyarake wong-wong
Élam menyang endi-endi, nganti ora
ana negara sing ora kanggonan wong
ngungsi saka Élam.
37 Wong Élam bakal Dakgawé giris
ngadhepi mungsuhé sing ngarah
nyawané. Sajroning mulading duka-Ku
wong Élam bakal Daktumpes. Aku bakal
nekakaké tentara supaya nyerang lan
wong Élam kabèh disapu resik.
38 Para rajané lan para penggedhéné
bakal Daktumpes kabèh, sarta
ngedegaké dhampar-Ku ana ing kana.
39 Nanging mbésuk bangsa Élam
bakal Dakdadèkaké makmur menèh.
Mengkono pangandikané Pangéran."

50 1 Pangéran paring wangsit marang
aku kanggo kutha Babil lan
wong sing padha manggon ing kono,
mengkéné dhawuhé,
2 "Kabarna kanggo para bangsa! Ya
undhangna! Awèha tandha banjur
kandhakna kabaré! Aja koksidhem!
'Babil wis karebut! Marduk, déwané
wis diremuk! Para brahalané Babil wis
kwirangan, rupané sing njijiki, wis diejur!

3 Bangsa saka Lor teka lan nempuh
Babil, bakal didadèkaké ara-ara samun.
Manungsa lan kéwan bakal padha
keplayu saka kono. Ora ana wong sing
bakal manggon ana ing kono menèh.’"
4 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Yèn wis tekan titi-mangsané wong
Israèl lan wong Yéhuda bakal karo
nangis nggolèki Aku, Allahé.
5 Bakal padha takon dalané bali
menyang Sion, banjur padha budhal
mrana. Wong-wong mau bakal padha
gawé prejanjian karo Aku, bakal padha
ditetepi ing selawasé.
6 Umat-Ku mau kaya wedhus sing
ketriwal ing gunung-gunung, ditégakaké
déning para pangoné. Padha ngumbara
kelunta-lunta saka gunung siji menyang
gunung sijiné, nganti padha lali omahé
dhéwé.
7 Padha diserang déning sapa waé sing
mrangguli. Para mungsuhé padha muni,
‘Wong-wong kuwi wis padha gawé dosa
marang Allahé, mulané kita kapakaké
waé kena, kita ora salah. Para leluhuré
padha kumandel marang Allah, lan
kuduné dhèwèké iya kumandel marang
Allah.’

8 Hé wong Israèl, padha mlayua metu
saka Babil! Negara kuwi tinggalen!
Mlayua dhisik dhéwé.
9 Aku bakal ngojok-ojoki bangsa Lor
sawetara sing gedhé pangwasané,
supaya nglurug nyerang Babil. Bangsa-
bangsa mau bakal nata tentarané,
banjur nyerang lan ngrebut kutha Babil.
10 Babil bakal dadi rayahan, lan sing
ngrayah bakal njupuk apa waé sing
disenengi. Mengkono pangandikané
Pangéran."
11 Pangandikané Pangéran, "Hé wong
Babil, kowé wis njarah-rayah umat-Ku.
Kowé wis padha seneng-seneng lan
bungah-bungah kaya sapi sing kanggo
nggiling gandum utawa jaran lanang
sing mbengingèh.
12 Nanging kuthamu bakal ditelukaké
lan kowé bakal kwirangan. Babil bakal
dadi bangsa sing cilik dhéwé, sing garing
lan dadi ara-ara samun sing ora ana
banyuné.
13 Merga saka paukuman-Ku bakal ora
ana wong sing manggon ing Babil. Bakal
tetep dadi gempuran lan kabèh wong
sing liwat kono bakal padha kagèt lan
gumun.

14 Hé wong sing nggawa panah lan
gendhéwa, padha tatanen barisanmu.
Babil serangen lan kepungen. Panahmu
lepasna menyang Babil kabèh, sebab
kutha kuwi wis gawé dosa marang Aku,
sing jumeneng Pangéran.
15 Gempuren kuthané saka kéblat papat
karo surak-surak. Babil bakal tumuli
teluk pasrah bongkokan. Bètèngé wis
digempuri lan dibedhah. Aku bakal males
marang wong Babil. Semono uga kowé
padha malesa, kaya patrapmu marang
wong liya.
16 Aja ana wiji sing disebar ana
ing tanah kono lan aja ana wong
nglumpukaké panèné. Wong manca sing
manggon ing kono bakal padha wedi
marang tentara sing nyerbu, mulané
banjur padha bali menyang negarané
dhéwé."
17 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Umat Israèl kuwi kaya wedhus sing
dioyak-oyak lan dibuyaraké déning singa
akèh. Sing kawitan, dimangsa déning
raja Asyur, banjur déning Nebukadnésar,
raja ing Babil sing ngrokoti balungé.
18 Mulané Pangéran Kang Mahakwasa
Allahé Israèl bakal ndhawahaké

paukuman marang Raja Nebukadnésar
lan negarané, kaya enggoné ngukum
raja Asyur.
19 Aku bakal ngulihaké umat Israèl
menyang tanahé dhéwé. Wedhus mau
bakal nyenggut apa sing tuwuh ana ing
Gunung Karmèl lan ing wilayah Basan.
Mengkono uga bakal padha mangan apa
sing disenengi, saka pametuné tanah ing
jajahané Éfraim lan Giléad.
20 Ing mangsa mau bakal ora ana
dosa menèh ing Israèl lan ora ana
piala ana ing Yéhuda. Merga Aku bakal
ngapura wong-wong sing uripé wis
Dakslametaké. Mengkono pangandikané
Pangéran."
21 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wong Marataim lan wong Pekod bakal
ketekan perang. Bakal padha dipatèni
lan katumpes. Apa sadhawuh-Ku iki
tindakna. Aku Pangéran sing ngandika.
22 Swaraning perang keprungu
sanegara, lan bakal ana bebaya gedhé.
23 Sajagad rata wis digandhèn déning
Babil nganti ajur mumur, saiki gandhèné
sing remuk! Bangsa-bangsa kabèh
bareng krungu lelakon sing dialami
negara mau padha kagèt.

24 Hé Babil, sing koklawan kuwi Aku, lan
kowé klebu ing kala-jiret sing Dakpasang
kanggo kowé, nanging kowé ora ngerti.
25 Aku wis mbukak gudhang sing
Dakenggo nyimpen gegaman-Ku.
Sajroning mulading duka-Ku gegaman
mau Dakwetokaké, merga Aku Pangéran
Allah Kang Mahakwasa bakal nindakaké
pegawéan-Ku ana ing Babil.
26 Babil bakal diserang saka kéblat
papat. Panggonané nyimpen pangan
bakal dibubrah! Barang rayahan bakal
ditumpuk kaya gandum! Satanah kabèh
bakal digempur! Ora ana sing kliwatan!
27 Prejurité kabèh bakal dipatèni!
Disembelèh! Wong Babil kabèh nemahi
cilaka! Wis tekan mangsané padha
tampa paukuman!"
28 (Para wong ngungsi sing oncat
saka Babil padha teka ing Yérusalèm,
banjur padha crita carané Pangéran,
Allah kita, enggoné nindakaké pamales
marang penggawéné wong Babil ana ing
Pedalemané Allah.)
29 "Para wong manah padha konen
nyerang kutha Babil. Golèka wong sing
ahli manah. Kuthané kepungen lan aja
nganti ana wong sing oncat. Walesen

apa sapenggawéné kabèh, kaya carané
olèhé matrapi liyan, merga wong-wongé
angkuh, nglawan Aku, Kang Mahasuci,
Allahé Israèl.
30 Mulané para nonomané bakal
tiwas ana ing dalan-dalané kutha,
lan ing dina kuwi para prejurité bakal
padha katumpes kabèh. Mengkono
pangandikané Pangéran.
31 Hé Babil, sarèhné kowé angkuh,
mulané kowé Daklawan, ya Aku,
Pangéran sing jumeneng Allah Kang
Mahakwasa! Wis tekan titi-mangsané
kowé Dakukum.
32 Bangsamu sing gemunggung bakal
kesandhung lan tiba, mangka ora ana
sing bisa nangèkaké. Kutha-kuthamu
bakal Dakobong, lan saisiné kabèh bakal
dadi gempuran."
33 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Wong Israèl lan wong
Yéhuda padha ditindhes, dijaga keras
déning wong sing nelukaké, lan ora olèh
lunga.
34 Nanging sing ngluwari wong mau
gedhé kasektèné, asmané Pangéran
Kang Mahakwasa. Panjenengané
piyambak sing bakal majeng mbéla

prekarané umaté, lan bakal nekakaké
katentreman ana ing bumi, nanging
nekakaké kasusahan kanggo wong ing
Babil."
35 Pangandikané Pangéran, "Pepati
nekanana Babil! Pepati nekanana
rakyaté, para penggedhéné, lan para
wong wasis.
36 Pepati nekanana para juru ngramal,
nganti konangan bodhoné! Pepati
nekanana para prejurité, saiba enggoné
padha giris.
37 Tumpesa jaran lan kréta-perangé!
Tumpesa para prejurité séwan, saiba
apesé wong-wong mau! Sirnaa
raja-branané; kajaraha, karampoga.
38 Asata sakèhé tuk ing tanahé, garinga
kali-kaliné. Babil kebak brahala sing
njijiki, sing nyebabaké rakyaté bodho
kabèh.
39 Dadi Babil mau bakal dadi pesabané
jin lan roh reged, sarta panggonané
manuk-manuk najis. Selawasé bakal
ora dienggoni wong menèh, lan déning
turun-turuné.
40 Apa sing dialami déning Sodom lan
Gomora kuwi bakal dialami déning Babil,
yakuwi samasa Babil lan kutha-kutha

kiwa-tengené Daktumpes. Ora ana wong
siji waé sing bakal manggon menèh
ana ing kana. Mengkono pangandikané
Pangéran.
41 Bakal ana bangsa teka saka Lor,
bangsa gedhé saka tanah adoh. Kairid
déning para raja sing nglurug perang.
42 Padha nggawa panah lan pedhang;
bangsa mau ambek siya lan ora duwé
welas. Samasa bala-jarananané teka,
swarané kaya gemuruhé segara. Kabèh
padha siaga perang nglawan Babil.
43 Raja ing Babil krungu wartané, nganti
tangané lemes tanpa daya; awaké krasa
lara kabèh, kaya wong wadon sing
nglarani.
44 Kaya singa sing jumedhul saka alas
saurutė Kali Yardèn marani pangonan
sing suketé ijo, kaya mengkono Aku
bakal rawuh nekani wong Babil, nganti
padha mlayu dadakan metu saka
kuthané. Aku nuli bakal milih pemimpin
sing ngerèh negara mau. Sapa sing
madhani Aku? Sapa sing wani nantang
Aku? Endi ana raja sing bisa nglawan
Aku?
45 Mulané padha rungokna rancangan
sing wis Daktetepaké tumraping Babil

lan apa sing bakal Daktindakaké kanggo
wong-wongé. Tekan anak-anaké bakal
disèrèd metu, nganti saben wong bakal
padha gemeter.
46 Yèn Babil rubuh swarané bakal
ngoregaké bumi, lan swarané wong sing
padha sesambat, bakal keprungu déning
bangsa-bangsa liyané."

51 1 Pangandikané Pangéran
mengkéné, "Aku bakal nekakaké
prahara sing ngrusak Babil lan rakyaté.
2 Aku bakal nekakaké bangsa manca
sing bakal numpes Babil kaya prahara
sing nyapu damèn nganti resik. Yèn
dinané kasangsaran wis tekan, Babil
bakal diserang saka kéblat papat, nganti
negara mau dadi gempuran.
3 Para prejurit aja nganti kober
menthang gendhéwané utawa nganggo
klambiné keré. Para nonomané aja
diéman! Tumpesen tentarané!
4 Karebèn padha ketaton lan mati ing
dalan-dalané kutha-kutha kono.
5 Aku, Pangéran Kang Mahakwasa,
Allahé Israèl ora bakal ninggal Israèl
lan Yéhuda, senajan padha gawé dosa
marang Aku.

6 Padha mlayua metu saka Babil.
Mlayua golèk slamet! Aja nganti katut
katumpes merga saka dosané Babil. Aku
nindakaké pemales lan ngukum Babil
timbang karo dosané.
7 Babil kuwi kaya tuwung emas ana
ing tangan-Ku, sing ngendemi wong
salumahé bumi. Para bangsa padha
ngombé saka tuwung mau, mula padha
mendem.
8 Babil rubuh dadakan lan remuk!
Babil tangisana. Tambanana tatuné,
mbokmenawa bisa mari.
9 Wong manca sing manggon ing kana
padha kandha mengkéné, ‘Aku padha
nyoba nulungi Babil, nanging wis kasèp.
Mulané ayo padha ditinggal mulih waé
menyang negara kita dhéwé-dhéwé.
Pangéran ndhawuhaké paukumané
marang Babil; negara sing gedhé
pangwasané kuwi diremuk nganti ajur
mumur.’"
10 Pangandikané Pangéran, "Umat-Ku
sesambat, ‘Pangéran wis ngatingalaké
yèn kita ana ing fihak sing bener.
Mulané ayo padha menyang Yérusalèm
lan ngandhani wong-wong ing kana

bab pakaryan sing katindakaké déning
Pangéran ana ing kéné.’"
11 Pangéran wis ngosikaké atiné
raja-raja Média, merga Panjenengané
kagungan kersa numpes Babil. Kaya
mengkono enggoné bakal males
karusakané Pedalemané Allah. Para
perwira sing ditugasaké nyerang
ngabani, "Panahmu padha asahen!
Tamèngmu cawisna!"
12 Banjur padha awèh tandha nyerang
bètèngé kutha Babil, lan nyentosakaké
penjagan, wong jaga padha diprenahaké
lan masang wong sing dikon ndhelik
nyegat mungsuh. Pangéran bakal
nindakaké apa sing dingandikakaké
kanggo Babil.
13 Negara iki kaliné akèh lan bandhané
pirang-pirang, nanging wektuné wis
entèk, merga wis tekan watesé umuré.
14 Pangéran Kang Mahakwasa wis
sumpah demi gesangé piyambak, yèn
bakal nekakaké wong akèh nyerang
Babil, kaya walang gegolongan sing
padha surak-surak merga senengé.
15 Pangéran nitahaké bumi srana
pangwasané; kanthi kawicaksanan

enggoné nalesi jagad lan menthèng
sakèhé langit.
16 Atas saka dhawuhé, banyu-banyu
sing ana ing awang-awang padha
gemuruh. Panjenengané nekakaké
méga saka pojoking bumi, sarta kilat
mbarengi udan. Angin kawetokaké saka
panggonané kasimpen.
17 Wong sing ndeleng kabèh mau
rumangsa bodho lan tanpa teges. Wong
sing gawé reca padha kwirangan, merga
reca gawéané kuwi ngapusi lan mati.
18 Reca-reca mau ora ana ajiné, lan
mung barang sepélé. Kuwi kabèh
bakal disirnakaké samasa Pangéran
ndhawuhaké paukumané.
19 Allahé Yakub ora kaya reca
mau; Panjenengané sing nitahaké
samubarang, lan wis milih Israèl
dadi umat kagunganė piyambak.
Asmané kasebut Pangéran Allah Kang
Mahakwasa.
20 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Hé Babil, kowé kuwi palu-Ku, gaman
perang-Ku. Kowé Dakagem ngremuk
bangsa-bangsa lan kraton-kraton.
21 Dakagem numpes jaran lan sing
nunggangi, kréta-perang lan kusiré.

22 Dakagem matèni wong lanang
wadon, wong tuwa enom, bocah lanang
lan bocah wadon.
23 Dakagem nyembelèh pangon lan
wedhus ngon-ngonané, wong mluku lan
sapiné, Dakagem ngremuk para raja lan
pegawéné."
24 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Kowé bakal nyipati pemales-Ku marang
wong Babil merga sakèhé piala sing
ditindakaké marang Yérusalèm.
25 Hé Babil, kowé kuwi kaya gunung sing
ngrusak salumahé bumi, nanging ngertia
yèn Aku, Pangéran dadi mungsuhmu.
Kowé bakal Dakcekel lan Dakbanting ing
lemah. Dakdadèkaké gunung geni sing
wis sirep.
26 Ora ana watu saka jugruganmu
sing bakal Dakgawé mbangun omah
menèh. Selawasé kowé bakal dadi
ara-ara samun. Mengkono pangandikané
Pangéran.
27 Tandha kanggo nyerang Babil wis
diunèkaké; yakuwi swaraning slomprèt
sing bisa keprungu déning para bangsa!
Bangsa-bangsa padha siyaga merangi
Babil! Kraton-kraton Ararat, Mini lan
Askenas kandhanana supaya nyerang.

Ngangkata sénapati sing bakal mimpin
serangan. Kumpulna jaran sing akèhé
kaya walang.
28 Para bangsa cawisna nglurug perang
nglawan Babil. Tekakna raja-raja Média,
para penggedhé lan para pegawéné,
sarta tentarané negara-negara sing dadi
jajahané.
29 Bumi gemeter lan horeg merga
Pangéran nindakaké rancangané nggawé
Babil dadi ara-ara samun, sing ora ana
sing ngenggoni.
30 Para prejurité Babil mandheg
enggoné perang, manggrok ana ing
bètèng-bètèngé. Wis ilang kekendelané
lan dadi kaya wong wadon. Gapuraning
kutha diobrak-abrik, omah-omahé
diobongi.
31 Kongkonan sing rikat playuné padha
gentèn-gentèn ngaturi pirsa marang raja
ing Babil yèn kuthané wis nggempur
pirang-pirang panggonan.
32 Mungsuh wis ngrebut penyabranganė
lan ngobong bètèngé. Para prejurit Babil
padha gugup.
33 Ora suwé menèh bakal ambruk
ing lemah, banjur diidak-idak
kaya gandum ana ing papan nutu.

Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa, Allahé Israèl."
34 Raja ing Babil wis nyembelèh
Yérusalèm nuli dipangan. Kaya wong
ngesok kendhi nganti kothong, ya kaya
mengkono enggoné ngentèkaké wong
Yérusalèm. Yérusalèm diuntal, kaya
kéwan galak sing nguntal mangsané.
Banjur njupuk apa sing dibutuhaké,
sisané dibuwang.
35 Wis sapantesé wong ing Sion muni,
"Muga-muga Babil diwales saboboté
panindhes sing ditandukaké marang
kita!" Mulané wong Yérusalèm padha
muni, "Muga-muga Babil diwales manut
gedhéning kasangsaran sing kita alami!"
36 Mulané Pangéran banjur ngandika
marang wong-wong ing Yérusalèm
mengkéné, "Aku bakal mbélani
prekaramu, lan bakal males
sapenggawéné mungsuhmu marang
kowé. Etuk-etuk ing Babil bakal
Dakpampet lan kali-kaliné bakal
Dakasataké.
37 Negara kuwi bakal dadi tumpukané
jugrugan lan dadi panggonané kéwan
galak. Bakal dadi sesawangan sing
nggegirisi. Ora ana wong sing gelem

manggon ana ing kono, lan kabèh wong
sing weruh bakal padha wedi banget.
38 Wong Babil bakal padha gero-gero
kaya singa lan nggereng kaya anak
singa.
39 Samasa padha keluwèn bakal
Dakcawisi panganan sing énak-énak
nganti padha mendem lan surak-surak.
Sawisé mengkono bakal padha ambruk
nggloso lan ora tangi menèh.
40 Wong-wong mau banjur bakal
Dakulungaké supaya disembelèh kaya
wedhus gèmbèl, wedhus jawa lan
wedhus bérok. Mengkono pangandikané
Pangéran."
41 Pangandikané Pangéran kanggo
Babil mengkéné, "Kutha sing dadi
pengalemané wong salumahé bumi
bakal karebut! Babil bakal dadi
sesawangan sing nggegirisi kanggoné
para bangsa!
42 Babil bakal keleban segara srana
ombak lan aluné.
43 Kutha-kuthané bakal dadi
sesawangan sing nggegirisi kaya
segara wedhi sing kasatan ing banyu,
sing ora dienggoni utawa diambah
déning wong.

44 Bèl, brahalané Babil bakal Dakukum,
lan barang-barang colongané bakal
Dakwetokaké; bangsa-bangsa bakal ora
nyembah brahalané menèh. Bètèngé
Babil wis ambruk.
45 Hé wong Israèl, padha mlayua metu
saka kono! Padha mlayua nylametaké
nyawamu nyingkiri paukuman-Ku.
46 Aja wedi lan aja geter karo udreg-
udregan sing kokrungu. Pendhak taun
mesthi ana gègèr. Gègèran sing merga
tekané panindhes utawa raja-raja sing
tukar-padu, sing siji nglawan sijiné.
47 Mulané wis tekan mangsané Aku
ngukum para brahalané Babil. Sanegara
kabèh bakal padha kwirangan, lan wongé
bakal padha dipatèni kabèh.
48 Sarupané kumelip ing langit lan ing
bumi bakal padha surak-surak, samasa
Babil dirubuhaké lan digempur déning
bangsa-bangsa sing teka saka Lor.
49 Babil wis njalari patiné wong
sajagad, lan saiki Babil dhéwé bakal
ambruk merga wis njalari patiné wong
Israèl akèh. Mengkono pangandikané
Pangéran."
50 Pangandikané Pangéran marang
umaté sing ana ing Babil mengkéné,

"Kowé wis padha oncat saka pati!
Saiki budhala. Aja kokendhé-endhé
enggonmu budhal. Senajan kowé adoh
saka negaramu, élinga marang Aku,
Pangéran Allahmu, lan élinga marang
kutha Yérusalèm.
51 Kowé padha kandha, ‘Kula sampun
kwirangan lan dados poyokan. Kawula
sampun tanpa daya babar-pisan, margi
Pedalemanipun Allah sampun karebat
déning bangsa-bangsa sanès.’
52 Aku wis ngandika yèn wis tekan
wektuné Aku ndhawahaké paukuman
marang para brahalané Babil, nganti
swarané wong sing padha gereng-gereng
merga ketaton keprungu ing saindenging
negara.
53 Senajana Babil bisa mumbul ing
langit lan ana ing kana mbangun bètèng
sing sentosa, Aku bakal ngutus wong
nggempur bètèng mau. Mengkono
pangandikané Pangéran."
54 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Rungokna swaraning tangisé wong
ing Babil, sing padha nangisi rusaking
negarané.
55 Aku bakal nggempur Babil lan
Dakbungkem selawas-lawasé. Para

tentara padha ngebyuk mlebu kutha
kaya jumeguré ombak, lan padha
nempuh kutha mau karo surak-surak.
56 Pancèn tekané supaya nggempur
Babil, lan nawan prejurité, sarta mutungi
gendhéwané. Aku iki Allah sing ngukum
piala, lan males Babil imbang karo
pialané.
57 Para penggedhéné bakal Dakgawé
mendem, mengkono uga para wongé
wasis, para pemimpin lan para prejurité.
Wong-wong mau bakal padha turu
lan ora tangi menèh. Mengkono
pangandikané Pangéran, kang jumeneng
Raja, Kang Mahakwasa.
58 Bètèngé Babil sing sentosa bakal
digempur lan dirata karo lemah, lan
gapura-gapurané sing dhuwur bakal
diobong nganti entèk. Sakèhé kangèlané
para bangsa bakal muspra tanpa
gawé, asilé pegawéané bakal kaobong.
Mengkono pangandikané Pangéran."
59 Abdiné Raja Zedekia kuwi jenengé
Seraya bin Neria, bin Mahséya. Nalika
Zedekia enggoné jumeneng raja ing
Yéhuda nyandhak taun kapaté, Seraya
ndhèrèkaké tindaké Zedekia menyang
Babil, karo dakweling.

60 Sakèhé kasangsaran sing bakal
nekani Babil daktulis ing buku,
mengkono uga prekara-prekara liyané
sing magepokan karo Babil.
61 Welingku marang Seraya mengkéné,
"Yèn kowé wis tekan Babil, buku iki
wacanen sing seru kanggo wong-wong
ing kana; apa waé sing kasebut ing kono
wacanen.
62 Banjur kowé ndedongaa, ‘Dhuh
Allah, Paduka sampun ngandika bilih
badhé nggempur panggènan menika,
ngantos mboten wonten makluk gesang
ingkang kantun ing ngriki, dadosa
tiyang utawi kéwan. Lan bilih panggènan
menika badhé dados ara-ara samun ing
selami-laminipun.’
63 Seraya, yèn enggonmu maca wis
rampung kitab iki banjur bandhulana
watu, lan buwangen ing Bengawan Éfrat,
64 karo munia, ‘Mengkéné iki bakal
kedadéané Babil. Bakal ambles lan
ora njumbul menèh, merga saka
paukuman sing bakal diparingaké déning
Pangéran.’" Tekan seméné pamedhar
wangsité Nabi Yérémia.

52

1 Nalika Zedekia jumeneng raja
ing Yéhuda, yuswané selikur

taun. Enggoné ngedhaton ing Yérusalèm
lawasé sewelas taun. Asmané ibuné
Hamutal, putrané putri Yérémia, sing
manggon ing kutha Libna.
2 Raja Zedekia nglampahi dosa marang
Pangéran, ora béda karo dosané
Yoyakim.
3 Pangéran duka banget marang wong
Yérusalèm lan wong Yéhuda nganti
wong-wong mau katundhung kabèh
saka ngarsané. Zedekia nglawan marang
Nebukadnésar, raja ing Babil,
4 mula Nebukadnésar banjur nglurugi
perang nggawa tentarané kabèh sarta
nyerbu Yérusalèm ing dina kaping
sepuluh, sasi kaping sepuluh, taun
kaping sangané pepréntahané Zedekia.
Banjur padha pasang kémah ana ing
sanjabané kutha, ngepung bètèngé,
5 nganti taun kaping sewelasé
pepréntahané Zedekia.
6 Ing dina kaping sanga, sasi kaping
pat taun kuwi, yakuwi bareng pacekliké
kutha kono wis banget, nganti wis ora
ana sing dipangan déning rakyat,
7 bètèngé kutha ambruk. Senajan
dikepung déning tentara Babil, nanging
bengi kuwi Zedekia lan tentarané lolos,

oncat metu saka kutha kono. Lakuné
metu petamanan kedhaton, menyang
gapura ing sela-selané bètèng loro,
banjur mlayu ngener Lebak Yardèn.
8 Nanging Raja Zedekia banjur dioyak
déning wadyabala Babil lan ketututan ora
adoh saka Lebak Yérikho. Raja Zedekia
ditinggal mlayu déning para prejurité,
banjur dicekel tentara Babil.
9 Panjenenganè diirid menyang
ngarsané Raja Nebukadnésar, sing nalika
semono ana ing Riblah, ing daérah
Hamat. Ana ing kono Zedekia didhawahi
paukuman.
10 Para putrané Zedekia kakung padha
disédani ana ing ngarsané, semono uga
para penggedhéné kraton Yéhuda.
11 Sawisé mengkono paningalé Zedekia
dicukil lan astané diblenggu nganggo
ranté sarta kairid menyang Babil. Ana ing
pembuwangan kono Zedekia dilebokaké
ing pakunjaran nganti sasédané.
12 Ing dina kasepuluh, sasi kalima,
taun kaping sangané pepréntahané
Nebukadnésar, raja ing Babil,
Nebuzaradan, penaséhaté Sang Prabu
lan sénapatiné wadyabala Babil mlebu
ing Yérusalèm.

13 Nebuzaradan banjur ngobong
Pedalemané Allah, kedhaton sarta
omah-omah, dalemé para penggedhé
ing Yérusalèm.
14 Para prejurité padha nggempur
bètèngé kutha.
15 Sakèhé wong sing isih kari ing
Yérusalèm, semono uga para tukang
sing pengalaman lan wong Israèl sing
padha nggabung mèlu wong Babil padha
diboyong déning Nebuzaradan menyang
Babil.
16 Nanging ana wong sawetara sing
mlarat banget ditinggal ing Yéhuda,
yakuwi wong-wong sing padha ora duwé
lemah. Wong-wong mau padha dikon
nggarap pategalan lan kebon anggur.
17 Wong Babil padha nggempur
cagak prunggu lan kréta sing ana ing
Pedalemané Allah, semono uga kulah
gedhé wadhah banyu, lan prunggu-
prunggu mau diangkut menyang
Babil.
18 Uga sekop lan wadhah awu sing
kanggo ngresiki mesbèh, piranti-piranti
ubarampéné lampu, pengaron-pengaron
sing kanggo madhahi getihé kéwan sing
dienggo kurban, sarta bokor-bokor sing

kanggo ngobong dupa, lan piranti-piranti
liyané saka prunggu sing dienggo ing
Pedalemané Allah.
19 Piranti-piranti saka emas lan slaka
dijupuki kabèh, kayata mangkok-
mangkok, panci-panci sing kanggo
wadhah mawa, pengaron-pengaron
wadhah getihé kéwan sing kanggo
kurban, wadhah awu, cagak lampu,
bokor wadhah dupa, lan bokor-bokor
sing kanggo wadhah anggur kanggo
saos kurban dhaharan.
20 Barang-barang saka prunggu yasané
Sang Prabu Suléman sing kanggo ana ing
Pedalemané Allah, kayata cagak-cagak,
kréta-kréta lan kulah gedhé wadhah
banyu sing disangga déning sapi lanang
rolas saka aboté nganti ora kena
ditimbang.
21 Cagak-cagak prunggu kuwi kabèh
padha ukurané. Saben cagak dhuwuré
wolung mèter lan ubengé 5,3 mèter.
Kandelé prunggu 75 milimèter, ing
njeroné growong. Ing sandhuwuré
cagak mau ana endhasé saka prunggu,
sing dhuwuré 2,2 mèter. Endhas mau
saubengé direngga nganggo ukiran

nam-naman rupa woh dlima, sing iya
kagawé saka prunggu.
22 (52:21)
23 Ing saben cagak ana nam-namané
woh dlima satus iji, ing antarané 96
katon saka ngisor.
24 Kejaba saka kuwi Nebuzaradan,
sénapatiné tentara Babil, iya mboyong
Seraya Imam Agung, Zéfanya, imam
pembantuné Seraya lan pegawé tinggi
ing Pedalemané Allah cacahé telu.
25 Uga katut ditawan perwira
komandhané tentara kutha kono,
para penaséhaté Sang Prabu, cacahé
pitu, sing isih ana ing kutha. Para
perwira sing mbiyantu komandhan
nyatheti lakuné operasi militèr, sarta
pemimpin-pemimpin penting cacahé 60.
26 Wong-wong mau disowanaké déning
Nebuzaradan ing ngarsané Sang Prabu
Nebukadnésar, sing nalika semono
lenggah ing kutha Riblah, ing daérah
Hamat.
27 Ana ing kutha kono wong-wong
mau padha disiksa nganti mati déning
Nebukadnésar. Kaya mengkono wong
Yéhuda enggoné katawan sarta
kaboyong menyang pembuwangan.

28 Daftaré wong-wong sing ditawan
lan diboyong déning Nebukadnésar
kuwi mengkéné: Ing taun kapitu
pepréntahané Nebukadnésar. Sang
Prabu nawan lan mboyong wong 3.023;
ing taun kaping wolulasé 832 saka
Yérusalèm; ing taun kaping telulikur
pepréntahané wong 745. Dadi cacahé
wong sing diboyong kabèh ana wong
4.600.
29 (52:28)
30 (52:28)
31 Nalika Éwil-Merodakh dadi raja
ing Babil, panjenengané ngetingalaké
piwelasé marang Yoyakhin, raja ing
Yéhuda, banjur ngluwari panjenengané
saka pakunjaran. Kelakoné kuwi nalika
Yoyakhin enggoné kakunjara wis olèh 37
taun, sasi rolas, tanggal selawé.
32 Sang Prabu Éwil-Merodakh tangkepé
becik marang Raja Yoyakhin, mula
diparingi kalenggahan sing luwih dhuwur
ketimbang karo para raja liyané sing
bebarengan karo Yoyakhin kaboyong
menyang ing Babil.
33 Yoyakhin diparengaké ora ngagem
ageman pakunjaran lan pareng

dhahar bebarengan karo Sang Prabu
Éwil-Merodakh nganti sasédané.
34 Sajroné sugengé Yoyakhin saben dina
nampi sakebutuhané saka Sang Prabu
Éwil-Merodakh.

Ratapan

1 [1] Adhuh sepi temen Yérusalèm saiki,
kutha sing biyèn ramé kebak wong!
Biyèn kutha sing kajèn-kéringan ing
jagad, saiki dadi kaya randha. Biyèn
kutha kang unggul, lan kinurmatan.
Saiki para penggedhéné padha dadi
batur-tukon.
[2] Sewengi muput enggoné nangis
kelara-lara, luhé dlèwèran ana ing
pipiné. Kanca-kancané kabèh wis ora
ana sing gelem nglipur dhèwèké. Mitrané
wis padha nyidrani kabèh lan saiki wis
padha malih dadi satruné.
[3] Wong-wong Yéhuda wis padha dadi
batur-tukon sing memelas, kabedhol
saka tanahé. Padha manggon ana ing
tanah manca, tanah sing dudu tanahé.
Dikepung déning para satruné, ora bisa
oncat saka kono.
[4] Saiki ora ana sing sowan ing
Pedalemané Allah, ngabekti ing dina
riaya. Para prawané padha sangsara, lan
para imamé padha nggresah. Gapurané

kutha dadi suwung, lan saiki kutha Sion
kaya wong kesrakat.
5 Dikwasani déning mungsuhé, digegem
kenceng ing tanganė. Pangéran
piyambak sing ngganjar kasangsaran
merga saka sakèhé pialané. Anak-anaké
padha direbut lan digawa lunga.
6 Yérusalèm wis koncatan kamulyané.
Para pemimpiné wis tanpa daya, kaya
menjangan sing keluwèn, kentèkan
tenaga samasa mlayu, nyingkiri sing
mbebedhag.
7 Bareng wis dadi gempuran sing sepi,
suwung, Yérusalèm kèlingan mompyoré
dhèk jaman-jaman kepungkur. Nalika
ditelukaké mungsuh, ora ana sing
nulungi. Para satruné padha nyawang
karo nggeguyu.
8 Yérusalèm wis ora kajèn; wis diblèjèdi
lan dirèmèhaké. Saiki ngresula, rainé
ditutupi saka isiné. Yérusalèm wis
dadi najis, merga saka dosané srana
tumindak nistha.
9 Najisé katon cetha wéla-wéla, nanging
ora mikir bakal wekasané. Tibané
kanteb, mangka ora ana sing nglipur.
Mungsuhé padha menang, mangka

Yérusalèm sambat-sambat marang
Pangéran nyuwun piwelas.
10 Para mungsuhé wis ngrampog sakèhé
raja-branané. Wong-wong weruh dhéwé
mungsuhé padha mlebu Pedalemané
Allah, panggonan sing miturut dhawuhé
Pangéran ora kena dileboni déning wong
kapir.
11 Wong-wongé padha sambat samasa
golèk apa sing arep dipangan. Raja-
kayané padha diijolaké pangan supaya
isih bisa urip. Kutha mau sesambat,
"Mugi kersa mirsani kawula, dhuh Allah;
kersaa mirsani kawula, déné semanten
kanisthan kawula."
12 Saben wong sing liwat disambati,
"Sawangen aku! Rak ora ana wong sing
sangsarané kaya aku. Pangéran wis
nekakaké kasangsaran marang aku,
merga saka dukané!
13 Panjenengané ngutus geni saka
langit, geni sing murub ana ing njeroku.
Aku dipasangi kala-jiret, banjur dibanting
ing lemah. Aku banjur ditégakaké, ditilar
ngalami sengsara sing ora ana entèké.
14 Sakèhé dosaku dicathet lan
dibongkok dadi siji. Banjur digandhulaké
ana ing guluku, aku nganti mèyèk-mèyèk

kabotan. Pangéran ngulungaké aku
marang para mungsuhku, sing aku ora
bisa nandhingi.
15 Para prejurit sing dakendel-endelaké
mung dirèmèhaké déning Pangéran.
Panjenenganė nekakaké mungsuh
numpes para nonomanku. Wong-wongku
padha diidak-idak kaya wong mipit
anggur ing pemipitan.
16 Kuwi sing njalari aku nangis
kelara-lara, mangka ora ana sing
nglipur aku utawa nggedhèkaké atiku.
Aku wis ditelukaké déning mungsuh;
wong-wongku wis ora duwé apa-apa.
17 Tanganku wis dakulungaké, nanging
ora ana wong sing nyandhak. Pangéran
wis nekakaké para mungsuhku saka
kéblat papat. Penggawéné marang aku
presasat aku iki barang najis.
18 Nanging Pangéran kuwi adil; kabèh
mau merga aku nglawan Panjenenganė.
Padha rungokna, hé sakèhé wong ing
ngendi waé, sawangen, seméné gedhéné
kasangsaranku. Para nonomanku lanang
lan wadon wis padha ditawan lan digawa
lunga.
19 Aku celuk-celuk para mitraku,
nanging ora ana sing sudi nulungi aku.

Para imam lan para pemimpin padha
mati ing dalan-dalan ing kutha kéné,
merga golèk pangan kanggo urip.
20 Dhuh Pangéran, mugi mirsani
enggèn kawula kraos badhé pejah;
nyawa kawula ajrih sanget. Manah
kawula remuk déning sisah margi
ngraosaken dosa-dosa kawula. Ing
samargi-margi wonten pepejah; malah
ugi ing salebeting griya.
21 Dhuh Pangéran, mugi miyarsakaken
pesambat kawula. Para mengsah kawula
sami bingah-bingah, déné kawula
sampun Paduka tumpes. Mugi kersa
ndhatengakaken dinten ingkang sampun
Paduka janjèkaken; para mengsah
kawula kadamela sangsara kados
kawula.
22 Piawonipun mugi Paduka dhawahi
paukuman; mugi Paduka ukum kados
enggèn Paduka ngukum dosa kawula.
Kawula sesambat ing salebeting
kasangsaran, lan manah kawula sakit
sanget!"

2 1 Pangéran sajroning mulading
dukané, wis ngemuli Sion nganggo
pepeteng. Kaéndahané sing presasat

Pirdus wis diwalik dadi gempuran. Merga
duka, Pasucèné ditégakaké.
2 Tanpa welas Pangéran ngrisak saben
désa ing Yéhuda. Bètèng-bètèng
sing dadi pangayomané tanah kono
digempuri. Kraton lan para penggedhéné
digawé wirang.
3 Saka dukané Panjenengané numpes
kekuwatané Israèl. Nalika mungsuh
teka, Panjenengané ora kersa paring
pitulungan. Kaya pengamuké geni,
ya kaya mengkono dukané Pangéran
mbesmi lan nyirnakaké samubarang.
4 Panahé diarahaké marang kita
kaya marang mungsuhé. Kabèh sing
kita tresnani lan gawé bungahé ati
dipatèni. Ing Yérusalèm kéné kita padha
ngrasakaké aboting paukumané.
5 Pangéran wis nggecak Israèl kaya
marang mungsuhé. Bètèng-bètèng
lan kedhaton didadèkaké gempuran.
Panjenengané nekakaké kasusahan sing
ora entèk-entèk marang Yérusalèm.
6 Pedalemané Allah, panggonan kita
manembah marang Panjenengané
dilebur dadi awu. Dina suci lan dina
Sabbat dibatalaké. Raja lan imam padha
ngrasakaké bentèring penggalihé.

7 Pangéran wis nampik mesbèh lan nilar
Pedalemané. Mungsuh kita diparengaké
nggempur bètènging kutha. Mungsuh
padha surak-surak ing panggonan sing
biyèn kita enggo mbektèni Panjenengané
kanthi bungah.
8 Wis dadi kersané Pangéran sing ora
kena diowahi, yèn bètèngé Sion kudu
digempur. Kabèh wis ditata kanthi tliti
supaya digempur dadi awu. Menara-
menara lan témbok-témbok saiki dadi
gempuran kabèh.
9 Gapura lan lawangé negara
saiki dadi jugrugan, slaraké padha
putung kari tugel-tugelané. Sang
Prabu lan para penggedhé diboyong
menyang pambuwangan. Torèt wis ora
kawulangaké menèh, lan para nabi
wis padha ora nampa wangsit saka
Pangéran.
10 Wong tuwa-tuwa ing Yérusalèm
padha nglésod ing lemah tanpa
kumecap. Padha nganggo bagor lan
sirahé di wur-wuri awu. Para prawan
padha nungkulaké sirahé ing bumi.
11 Mripaté perih merga saka enggoné
nangis; atiku ajur mumur merga
saka sedhih, ngrasakaké karusakané

bangsaku. Bocah lan bayi padha pating
klèlèr glimpangan ing dalan-dalan kutha.
12 Merga padha ngelih lan ngelak,
padha nangis njaluk mangan lan ngombé
marang biyungé; banjur padha ambruk
kaya wong ketaton, nuli alon-alon padha
mati ana ing pangkoné biyungé.
13 Dhuh Yérusalèm, Yérusalèm, apa
sing arep dakkandhakaké? Kepriyé
enggonku arep nglipur kowé? Durung
tau ana kasangsaran kaya sing kokalami
kuwi! Kasangsaranmu gedhé banget,
mangka ora ana pengarep-arep bakal
kapan rampungé?
14 Para nabimu mung bisa medhar
wangsit goroh; piwulangé nasaraké
kowé, merga ora tau nuduhaké dosamu.
Kuwi marakaké kowé padha duwé
pengira yèn kowé ora susah padha
mratobat. Sabeneré dhèwèké mung
ngandhakaké prekara-prekara sing ora
nyata nganggo tembung-tembung sing
mikat.
15 Wong sing liwat ing kutha kono
padha ngrèmèhaké kowé. Padha
gèdhèg-gèdhèg lan nggeguyu ndeleng
jugrugan-jugrugan ing Yérusalèm.

Kandhané, "Apa iki kutha sing éndah,
sing diegung-egungaké wong sajagad?"
16 Sakèhé mungsuhmu padha moyoki
kowé karo nggeguyu saka getingé karo
kowé. Tembungé, "Rasakna, kowé wis
dakgempur! Iki wektu sing wis suwé
dakarep-arep!"
17 Wekasané Pangéran nindakaké
pengancam sing wis suwé di
ngandikakaké. Panjenenganè wis
ngremuk kita tanpa welas, kaya
enggoné ngélingaké marang kita dhèk
jaman biyèn. Mungsuh kita padha
diparingi kemenangan, mula padha
bungah-bungah merga kita ambruk.
18 Dhuh Yérusalèm, bètèngmu sambata
marang Pangéran! Luhmu milia terus
rina lan wengi. Karebèn awakmu kesel
merga saka enggonmu sedhih lan
nangis!
19 Padha meléka sewengi muput lan
nangisana Pangéran. Sokna isining atimu
marang Panjenenganè lan nyuwuna
kawlasan kanggo para bocah cilik, sing
padha arep mati ana ing dedalan ing
saben pojoking prapatan.
20 Dhuh Allah, mugi kersa mirsani
tiyang-tiyang ingkang Paduka siksa!

Tiyang èstri sami nedha daginging
anakipun piyambak, ingkang dipun
tresnani. Para imam lan para nabi
sami kapejahan wonten ing salebeting
Pedalemanipun Allah.
21 Tiyang nèm sepuh sami pejah pating
glimpang wonten ing margi-margi.
Prawan lan tiyang èstri sami kapejahan
srana pedhang. Sedaya sami Paduka
babadi tanpa welas nalika Paduka duka.
22 Paduka ngulemi para mengsah
kawula sami ndhatengi pésta, nganiaya
ing sakiwa-tengen kawula. Lan mboten
wonten ingkang saged oncat saking
panganiaya menika. Anak-anak kawula
sami dipun pejahi, mangka menika
ingkang kawula agengaken lan kawula
tresnani.

3 1 Aku iki wong sing wis ngrasakaké
diukum déning Allah!
2 Aku digiring mlebu ing pepeteng, saya
suwé saya jero.
3 Aku digebagi bola-bali tanpa welas.
4 Dagingku padha suwèk, nganti kaya
mangap-mangapa, balungku padha
tugel.
5 Aku dilebokaké ing pakunjaraning
kasangsaran sing nggegirisi.

6 Aku dipeksa manggon ing jagading
wong mati sing ora ana entèk-entèké.
7 Aku diblenggu nganggo ranté; nganti
ora duwé pengarep-arep bisané oncat.
8 Aku jerit-jerit njaluk tulung, nanging
Allah ora miyarsakaké.
9 Lakuku gloyoran, nanging menyanga
ngendi paranku, aku dialang-alangi
déning témbok.
10 Panjenenganè ngadhepi aku kaya
bruwang, kaya singa enggoné nubruk
aku.
11 Aku dilarak saka dalan, banjur
disempal-sempal lan ditinggal lunga.
12 Panjenenganè ngasta gendhéwa, lan
aku didadèkaké lés-lésané panahé.
13 Panahé ngenani awakku, nancep jero
ana ing dagingku.
14 Wong-wong padha nggeguyu aku
sedina muput; aku dadi pepoyokané
wong kabèh.
15 Cangkemku dicangar, diombèni
ombèn-ombèn sing pait banget, aku
nganti wareg pangan lan ombèn-ombèn
sing sarwa pait.
16 Raiku digosok-gosokaké ing lemah
lan untuku rampal kabèh kena watu.

17 Wis suwé aku ora tau ngrasakaké
kepénak, aku nganti lali apa sing diarani
katentreman lan kabegjan.
18 Uripku wis ora suwé menèh.
Pengarep-arepku marang Allah wis ilang.
19 Ngrasakaké larané awakku, lan
enggonku wis ora duwé papan
padunungan menèh, kuwi kasusahan
sing paité kaya wisa.
20 Kuwi sing tansah dakpikir, nganti
supek rasané atiku.
21 Nanging saprekara sing njalari
pengarep-arepku tuwuh menèh:
22 Yakuwi yèn sihé Pangéran, lan
kawlasané mesthi ora bakal mandheg.
23 Tansah seger lan ganti-gumanti
saben ésuk, kena dipesthèkaké kaya
plethèké srengéngé.
24 Aku ora duwé apa-apa kejaba
mung Pangéran piyambak, mulané
mung Panjenengané piyambak sing
dakendelaké.
25 Pangéran kuwi saé tumrap wong
sing ngendelaké marang Panjenengané;
kanggoné wong sing ngupaya
Panjenenganané.

26 Becik wong nganti-anti pitulungan kanthi sabar, sing nekakaké pangluwaran marang kita.
27 Lan sing becik dhéwé kuwi yèn kita sinau sabar wiwit isih enom.
28 Yèn lagi nandhang susah, lungguha dhéwékan, sing sabar lan menenga waé.
29 Tumungkula karo pasrah marang Pangéran, sebab bisa uga isih ana pengarep-arep.
30 Senajan diantemi lan dipoyoki, kabèh mau tampanana tanpa ngresula.
31 Pangéran kuwi mahawelas, lan enggoné nyébrataké ora selawasé.
32 Senajan Panjenengané maringi kasusahan, nanging katresnané marang kita nyata lan kebak pangwasa.
33 Awit Panjenengané ora remen gawé susah utawa milara kita.
34 Pangéran pirsa yèn ati kita remuk ing pakunjaran.
35 Panjenengané pirsa yèn wewenang peparingé marang kita disawenang-wenang ing wong.
36 Panjenengané pirsa yèn ana ing pengadilan, keadilan dislèwèngaké.
37 Mung kersané Pangéran piyambak sing mesthi klakon.

38 Ala lan becik kuwi klakoné atas
dhawuhé.
39 Yagéné kita padha nggresah yèn kita
kaukum merga saka dosa kita.
40 Mulané ayo padha nliti kelakuan kita
lan mratobat marang Pangéran.
41 Ayo padha ngakoni dosa kita marang
Allah karo ndedonga,
42 "Kawula sampun sami damel dosa
lan mbaléla dhateng Paduka, mangka
Paduka mboten paring pangapunten.
43 Malah kawula Paduka kuya-kuya
lan Paduka pejahi. Kawlasan Paduka
kaaling-alingan déning paukuman
Paduka.
44 Ingkang kados mendhung kandel,
ngantos mboten saged katembus déning
pandonga kawula.
45 Kawula Paduka dadosaken barang
tampikan ing antawisipun bangsa-
bangsa ing salumahing bumi.
46 Kawula dipun ungel-ungelaken
déning para mengsah kawula.
47 Kawula sampun karisak lan
kagempur; kawula sami gesang ing
satengahing bebaya lan pagiris.

48 Mripat kawula trocosan ngedalaken
luh margi enggèn kawula nangisi bangsa
kawula ingkang katumpes.
49 Luh kawula badhé kaesokaken kados
ilining lèpèn.
50 Ngantos Paduka mirsani kawula
saking swarga.
51 Manah kawula sedhih sanget menawi
kawula sumerep kedadosan ingkang
dipun alami déning para tiyang èstri ing
kitha kawula.
52 Kawula kados peksi kénging kala-jiret
ingkang kapasang déning para mengsah
kawula, ingkang sengit dhateng kawula
tanpa sebab.
53 Kawula kacemplungaken ing sumur,
sumuripun lajeng katutup mawi séla.
54 Kawula sampun mèh kleleb, mila
nginten bilih ajal kawula sampun celak.
55 Saking dhasaring sumur kawula
nyebut asma Paduka, dhuh Allah.
56 Lan nalika kawula ndedonga supados
Paduka miyarsakaken panjerit kawula,
Paduka lajeng nanggapi.
57 Paduka paring wangsulan lan
ngandika bilih kawula mboten sisah
ajrih.

58 Paduka rawuh lajeng ngluwari nyawa
kawula, dhuh Allah.
59 Mugi kersa maringi keadilan dhateng
kawula, awit Paduka pirsa pendamel
awon ingkang katindakaken dhateng
kawula.
60 Paduka pirsa kados menapa
sengitipun para mengsah dhateng
kawula.
61 Paduka miyarsa enggènipun sami
nyenyamah kawula, dhuh Allah, Paduka
pirsa sedaya pangancamipun.
62 Sadinten-dinten namung sami nyatur
kawula lan ngrantam-ngrantam menapa
ingkang badhé katindakaken dhateng
kawula.
63 Rinten dalu mboten kendhat,
enggènipun ngina kawula.
64 Dhuh Allah, tiyang-tiyang menika
mugi Paduka ukum mergi saking
pendamelipun.
65 Paduka ipat-ipatana lan manahipun
kadamela semplah!
66 Mugi Paduka oyak ngantos ambruk,
lajeng Paduka sirnakaken saking bumi."

4 1 Emas kita sing biyèn mencorong
wis dadi surem; watu-watuné

Pedalemané Allah pating slebar ana ing
dalan-dalan.
2 Para nonomané Sion sing tumraping
kita ajiné kaya emas, saiki dianggep
kaya grabah, ala, ora ana ajiné.
3 Asu ajag gelem nusoni anak-anaké,
nanging bangsaku kaya manuk unta
ing segara wedhi, padha tegel karo
anak-anaké.
4 Padha ditégakaké mati kasatan lan
kaliren; bocah padha ngrintih njaluk
pangan, nanging ora ana sing mènèhi.
5 Wong-wong sing biyèn kulina mangan
pangan pilihan sing énak dhéwé, saiki
padha mati ing dalan-dalan. Wong sing
biyèn kulina urip méwah saiki padha
ngolak-alik pawuhan golèk pangan.
6 Umat-Ku nampa paukuman sing
luwih abot tinimbang wong Sodom,
sing katumpes dadakan déning astané
Pangéran.
7 Para putrané raja kita padha ora
kalépétan najis, padha resik kaya salju,
gagah lan rosa, badané waras lan
seger-seger.
8 Saiki ora ana sing kenal, padha pating
glimpang ana ing dalan-dalan, rupané

ireng kaya wong sing arep mati; kulité
garing kaya kayu, kisut kelèt balungé.
9 Sing mati ing peprangan luwih begja
ketimbang karo sing urip, nanging mati
kaliren alon-alon, merga ora ana sing
dipangan.
10 Cilaka wong sing nekani umatku
sing nggegirisi banget; ibu sing lumrahé
gemati marang anak-anaké, tegel ngolah
anaké dhéwé banjur dipangan.
11 Pangéran wis ngesokaké dukané
sakatogé, lan nyumed geni ing Sion
sing ngobong samubarang tekan
dhasar-dhasaré.
12 Wong ing ngendi waé, senajan
raja-raja manca pisan, padha ngaku
yèn mungsuh endi waé ora bakal bisa
nggempur gapurané Yérusalèm.
13 Nanging meksa bisa klakon, merga
para nabiné wis padha nglakoni dosa, lan
para imamé padha nglanggar tatanan,
mula njalari patiné wong akèh sing ora
salah.
14 Para pemimpin padha mlaku ing
dalan kaya wong wuta sing sandhangané
glépot getih, nganti ora ana wong sing
wani nggepok.

15 Wong-wong padha alok-alok,
"Sumingkira, aja nggepok aku!" Dadi
para pemimpin mau banjur padha
nglambrang marani bangsa siji menyang
sijiné, nanging ora ana sing gelem
kanggonan.
16 Pangéran wis ora menggalih wong-
wong mau menèh, malah dibuyaraké
déning astané piyambak. Panjenengané
wis négakaké para imam; lan para
pemimpin, ora padha diwelasi.
17 Aku padha ngarep-arep muga-muga
ana pitulungan, nanging ora ana
pitulungan teka. Kita padha nganti-anti
pitulungan saka bangsa, sing ora bisa
awèh apa-apa.
18 Mungsuh tansah ndingkik kita, nganti
kita padha ora wani mlaku ana ing dalan.
Aku wis tekan ajalku. Iki wekasané
uripku.
19 Sing ngoyak-oyak aku rikaté
ngungkuli manuk garudha sing nyamber
saka langit. Aku padha dioyak-oyak ing
gunung-gunung, lan digropyok ana ing
ara-ara samun.
20 Sing dicekel dhisik sumbering urip
kita, yakuwi Sang Prabu, pilihané
Pangéran piyambak. Sang Raja sing

kita endelaké bakal paring pengayoman
samasa kita diserang déning mungsuh.
21 Hé wong Édom lan wong Uz,
padha ngguyua mumpung isih bisa
ngguyu. Sebab kowé iya bakal ketekan
paukuman, kowé iya bakal dadi mendem,
banjur gloyoran karo cucul sandhangan
dhéwé.
22 Sion wis nampa piwalesé dosané.
Pangéran bakal ora marengaké kowé
kesuwèn ana ing pambuwangan.
Nanging hé Édom, kowé bakal diukum
déning Pangéran. Panjenengané bakal
mbusak sakèhé dosamu.

5 1 Dhuh Pangéran, Paduka mugi kersa
ngèngeti menapa ingkang sampun
sami kawula alami. Mugi kersa mirsani
enggèn kawula sami kwirangan.
2 Tanah pusaka kawula sampun dhawah
ing tanganipun bangsa sanès; griya-
griya kawula sami dipun enggèni déning
tiyang-tiyang manca negari.
3 Para bapa kawula sampun sami dipun
pejahi déning mengsah, mila para biyung
kawula samenika sami dados randha.
4 Toya ingkang kawula ombé kedah
kawula bayar; kajeng ingkang kawula
enggé urub-urub kedah kawula tumbas.

5 Kawula sami kaoyak kados kuldi
lan unta, ngantos sami kesel mangka
mboten angsal ngaso.
6 Supados saged angsal tedha kanggé
gesang, kawula sami ngemis-ngemis
dhateng Mesir lan Asyur.
7 Para leluhur kawula sami damel
dosa, nanging samenika sampun sami
tilar-donya; lan kawula sami nandhang
sangsara krana saking dosanipun.
8 Kawula sami dipun rèh déning
tiyang-tiyang ingkang leresipun namung
dados réncang tumbasan, mangka
mboten wonten ingkang saged ngluwari
kawula saking pangwaosipun.
9 Ing sanjawinipun kitha kathah bégal
ingkang tegel mejahi ngantos enggèn
kawula pados tedha kedah toh nyawa.
10 Kawula sami kaliren, ngantos kraos
badan kawula mengangah kados tiyang
sakit bentèr, inggih ngantos kulit kawula
bentèripun kados anglo ingkang murub.
11 Para tiyang èstri ing Gunung Sion
sampun sami karodha-peksa;[a] mekaten
ugi anak-anak kita èstri ing saben kitha
ing Yéhuda.

---

[a]karodha-peksa: diperkosa (bhs. Ind.).

12 Para pemimpin kawula sampun sami
dipun cepeng lan dipun gantung; para
pinisepuh sampun mboten dipun urmati.
13 Para nènèman kawula sami dipun
pasangi rakitan gilingan gandum kados
réncang tumbasan. Laré jaler sami
gloyoran mikuli kajeng ingkang awrat.
14 Para pinisepuh mboten sami lenggah
wonten ing gapuraning kitha malih, lan
para nènèman sampun mboten sami
nabuh tetabuhan.
15 Gesang kawula sampun koncatan
ing kabegjan, kasisahan sampun dados
gantosipun jogèdan.
16 Ingkang rumiyin kawula egung-
egungaken sampun telas sedaya, kawula
sampun sami damel dosa, mila tampi
paukuman.
17 Manah kawula sami sakit, ngantos
sami mboten saged ningali margi déning
luh.
18 Sarèhné Sion sampun sepen lan
suwung, mila para segawon ajag badhé
sami saba, wonten ing gempuraning
kitha menika.
19 Dhuh Pangéran, Paduka jumeneng
Raja ing selaminipun, mila inggih badhé
ngerèh ing selami-laminipun.

20 Kénging menapa kawula sami Paduka tégakaken semanten laminipun? Menapa kawula inggih sami badhé Paduka èngeti malih?

21 Dhuh Allah, kawula mugi kawangsulaken dhateng Paduka malih! Kawontenan kawula mugi Paduka pulihaken malih!

22 Menapa kawula sampun Paduka tampik ing selami-laminipun? Menapa paukuman Paduka tanpa wangenan?

Yehezkiel

1 [1] Ing dina kaping lima, sasi kaping
pat, taun kaping telung puluh,
aku Imam Yéhezkièl bin Buzi, ana ing
pinggir Kali Kebar ing Babil, bebarengan
karo para wong buwangan Yahudi.
Dumadakan langité menga lan aku
weruh wahyu saka Allah.
[2] (Nalika semono Raja Yoyakhin wis
limang taun ana ing pembuwangan.)
[3] Ana ing Babil kono, ing pinggir Kali
Kebar Pangéran ngandika marang
aku lan aku krasa dilimputi déning
pangwasané Pangéran.
[4] Aku banjur weruh ana prahara
teka saka Lor. Saka mendhung sing
kandel banget metu kilaté akèh padha
sesamberan nganti langité padhang
semilak. Ing satengahé kilat-kilat mau
ana rerupan mencorong kaya prunggu.
[5] Ing satengahé prahara aku weruh ana
makluk papat kaya manungsa,
[6] nanging saben makluk duwé rai papat
lan swiwi papat.

7 Sikilé lenceng-lenceng, lan duwé
tracak kaya tracaké sapi lanang. Padha
mencorong kaya swasa sing mentas
digebeg.
8 Kejaba rainé papat lan swiwiné papat,
saben makluk mau duwé tangan papat
kaya tangan manungsa, saben swiwi ing
ngisoré ana tangané siji.
9 Saben makluk swiwiné loro megar,
mangka pucuking swiwiné sing megar
mau gathuk karo pucuké swiwiné makluk
jèjèré, mula makluk mau bebarengan
katon kaya barang pesagi. Yèn mlaku
ora nganggo minger-minger.
10 Saben makluk mau duwé rai papat.
Sing ngarep rupa rai manungsa, sing
sisih tengen rai singa, sing kiwa rai sapi,
lan sing mburi rai garudha.
11 Swiwiné loro kaegaraké mendhuwur,
pucuké swiwi siji-sijiné gathuk karo
pucuk swiwiné makluk jèjèré. Swiwi sing
loro liyané kalempit nutupi awaké.
12 Saben makluk madhep ing kéblat
papat, mula makluk papat mau
bebarengan bisa menyang endi waé
tanpa mingar-minger.
13 Ing satengahé makluk papat mau ana
geni kaya obor, mlaku mrana-mréné.

Geniné obor mau sok mulad-mulad
ngetokaké kilat sesamberan.
14 Para makluk mau padha mabur
mrana-mréné, rikaté kaya kilat.
15 Sajroné aku nggatèkaké sakèhing
lelakon mau, aku ndeleng ana rodha
papat ngambah bumi, saben rodha
ngadeg sandhing makluk siji.
16 Rodha mau padha kabèh. Saben
rodha mencorong kaya watu akik. Ing
tengahé saben rodha ana rodha menèh.
17 Rodha-rodha mau bisa mlaku ngener
menyang kéblat papat.
18 Wengkuné rodha-rodha mau padha
kebak mata.
19 Ing salakuné makluk-makluk kuwi
rodha mau mèlu ana ing sandhingé.
Déné menawa makluk mau padha
mumbul, rodha-rodha mau mèlu
mumbul.
20 Para makluk mau lunga menyang
ngendi waé sing dikarepaké, lan
rodha-rodha mau ngetutaké, merga
rodha-rodha kuwi dirèh déning
makluk-makluk mau.
21 Makluk-makluk kuwi mlaku apa
mandheg utawa mumbul ing langit,
rodha-rodha mau tansah ngetutaké.

22 Sandhuwuré sirahé para makluk
mau kaya ana langit-langitan saka kaca
kristal sing mencorong mblerengi.
23 Ing sangisoré langit-langitan mau
para makluk padha ngadeg, ngegaraké
swiwiné loro mendhuwur, pucuké swiwi
gathuk karo pucuké swiwiné makluk
jèjèré, lan saben makluk nutupi awaké
nganggo swiwi loro liyané.
24 Aku krungu swarané swiwi yèn
makluk mau padha mabur. Swarané
kaya jumleguré segara, kaya tentara
akèh banget lagi baris, kaya swarané
Allah Kang Mahakwasa. Yèn lagi ora
mabur, swiwiné diingkupaké,
25 nanging isih keprungu swara saka
sandhuwuré langit-langitan sing ana ing
ndhuwuré makluk-makluk mau.
26 Sandhuwuré langit-langitan ana
kaya dhampar permata manila, lan
sing lenggah ing kono rupané kaya
manungsa.
27 Mencorong kaya swasa sing kaobong
ana ing geni, lan nyunaraké pepadhang
sing gedhé banget,
28 rupané kaya kluwung. Pepadhang
sing ngédab-édabi mau nandhakaké yèn
Pangéran ana ing kono.

2

1 Weruh kaya ngono mau aku banjur
ngambruk ing lemah, sarta krungu
ana swara mengkéné, "Hé manungsa
sing apes, ngadega. Aku arep ngandika
karo kowé."
2 Sajroné isih ngandika, aku kaparingan
Rohé Pangéran, banjur ngadeg,
lan krungu swara mau mbanjuraké
ngandikané,
3 "Hé manungsa sing apes, kowé
Dakutus nemoni bangsa Israèl. Wong-
wong kuwi padha nglawan Aku lan isih
terus nglawan. Ora béda karo para
leluhuré.
4 Padha mangkotaké atiné lan ora
ngurmati Aku. Mulané kowé Dakutus
nglantaraké pangandika-Ku, Pangéran
Kang Mahaluhur, marang wong-wong
mau.
5 Déné arep nggugu karo kowé apa ora,
sakarepé, sing prelu ngerti yèn Aku wis
ngutus nabi ana ing satengahé bangsa
kuwi.
6 Nanging kowé, hé manungsa sing
apes, aja wedi karo wong-wong mau
utawa karo omongané. Kowé bakal
dianggep najis lan dirèmèhaké; uripmu
bakal presasat ana ing satengahé

kalajengking. Éwasemono kowé aja wedi
karo para pembrontak kuwi lan karo
tembungé.
7 Kandhakna karo wong-wong mau
sedhéngah prekara sing Dakdhawuhaké
marang kowé, embuh dirungokaké apa
ora. Élinga yèn wong-wong mau kabèh
senengané nglawan.
8 Hé manungsa sing apes, rungokna
pangandika-Ku! Kowé aja mbangkang
kaya wong-wong kuwi. Mangapa lan
panganen apa sing Dakparingaké
marang kowé."
9 Aku banjur ndeleng ana tangan sing
nyekel gulungan kitab diulungaké aku.
10 Tangan mau ngudhari kitabé, lan aku
weruh gulungan mau ditulisi wolak-walik,
isi kasusahan, pangresah lan pesambat.

3

1 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Hé manungsa sing apes, gulungan
kitab iki panganen, banjur budhala lan
bangsa Israèl tuturana."
2 Aku banjur mangap, lan Panjenengané
ngulungaké kitab gulungan mau supaya
dakpangan.
3 Pangandikané, "Hé manungsa sing
apes, kitab gulungan sing Dakparingaké
iki panganen nganti wareg." Kitab

gulungan mau banjur dakpangan, rasané
legi kaya madu.
4 Gusti Allah banjur ngandika,
"Hé manungsa sing apes, bangsa
Israèl paranana, banjur kandhanana
sedhéngah prekara sing Dakdhawuhaké
marang kowé.
5 Kowé ora Dakutus marani bangsa
sing basané angèl kokngertèni, nanging
nemoni bangsa Israèl.
6 Yèn kowé Dakutus marani bangsa
gedhé sing basané ora kokngertèni,
bangsa mau bakal nggugu karo
kandhamu.
7 Nanging ora ana wong Israèl sing
bakal ngrungokaké kandhamu, malah
Aku piyambak ora digugu. Wong kabèh
mau padha wangkal atiné lan seneng
nglawan.
8 Saiki atimu bakal Dakgawé wangkal
lan atos kaya wong-wong mau.
9 Atimu bakal Dakgawé teguh kaya
watu karang lan atos kaya inten. Aja
wedi karo bangsa sing nglawan kuwi."
10 Pangandikané Pangéran sabanjuré,
"Hé manungsa sing apes, gatèkna
lan nitènana sadhéngah prekara sing
Dakdhawuhaké marang kowé.

11 Banjur lungaa marani sedulur-
sedulurmu tunggal bangsa sing ana ing
pembuwangan, lan kandhanana apa
sing Dakdhawuhaké marang wong-wong
mau, ora preduli apa padha ngrungokaké
apa ora. Mengkono dhawuhé Allah Kang
Mahakwasa."
12 Aku banjur diangkat déning Rohé
Allah, sarta krungu ing mburiku ana
swara gemuruh sora, pangucapé,
"Pinujia kamulyané Pangéran ana ing
swarga luhur!"
13 Aku krungu swara swiwiné para
makluk tempuk ing langit, sarta
gemlèdhègé rodha-rodha sing banteré
kaya lindhu.
14 Aku banjur katedhakan Rohé
Pangéran sing ngwasani aku. Aku
dijunjung lan disingkiraké; aku banjur
lunga karo ati mangkel lan jèngkèl.
15 Aku bali menyang Tèl Abib, ing
pinggiring Kali Kebar, panggonané
wong buwangan lan ana ing kana aku
dheleg-dheleg pitung dina lawasé merga
gumun karo sakèhing prekara sing
dakdeleng lan dakrungu.
16 Let pitung dina ana pangandikané
Pangéran marang aku mengkéné,

17 "Hé manungsa sing apes, kowé
Dakdadèkaké penjagané bangsa Israèl.
Kowé kudu nerusaké pepéling-pepéling
sing Dakparingaké marang kowé.
18 Yèn Aku ngandika marang wong
ala, yèn bakal mati, mangka wong mau
ora kokélingaké supaya mratobat lan
dislametaké, wong ala mau bakal mati
saka dosané, nanging kowé iya bakal
Dakukum merga kowé njalari patiné
wong mau.
19 Yèn wong ala mau wis kokélingaké,
nanging ora marèni enggoné laku dosa,
wong kuwi bakal mati merga saka
dosané, nanging kowé dhéwé bakal
slamet.
20 Yèn ana wong mursid ninggal
kamursidané lan nglakoni piala, Aku
bakal nyèlèhaké watu sandhungan
ana ing ngarepé, wong kuwi yèn ora
kokélingaké mesthi bakal mati. Bakal
mati merga saka dosané, lan Aku bakal
ora ngélingi kabecikané, nanging kowé
bakal Dakukum merga njalari patiné
wong mau.
21 Nanging yèn kowé ngélingaké wong
mursid supaya aja nglakoni dosa,
mangka nggugu marang pituturmu

banjur marèni dosané, wong kuwi bakal
lestari urip, lan kowé dhéwé iya bakal
slamet."
22 Aku banjur katedhakan Rohing
Pangéran sarta krungu pangandikané
marang aku mengkéné, "Ngadega,
lungaa menyang lembah. Aku bakal
ngandika marang kowé ana ing kono."
23 Aku banjur budhal menyang lembah.
Ana ing kono aku ndeleng kamulyané
Pangéran, kaya sing dakdeleng ing
sapinggiré Kali Kebar. Aku banjur
mengkureb ing lemah,
24 nanging Rohé Pangéran ngrasuk
aku lan nangèkaké aku menèh.
Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné, "Kowé muliha, mlebua ing
omah, nuli kancingen.
25 Ana ing kono kowé bakal dibanda
nganggo tali, nganti ora bisa lunga-lunga
nemoni wong akèh.
26 Ilatmu bakal Dakgawé lumpuh,
nganti kowé bakal ora bisa ngélingaké
wong-wong sing padha nglawan.
27 Mbésuk yèn Aku ngandikan karo
kowé menèh, kowé bakal Dakgawé bisa
caturan menèh, mula kowé bakal bisa
ngandhan-ngandhani wong-wong kuwi

bab pangandika-Ku. Wong-wong mau sawetara bakal ana sing nggugu, nanging liyané bakal padha ngrèmèhaké kowé, merga sabangsa kabèh kuwi tukang nglawan." Mengkono pangandikané Pangéran.

4 1 Pangandikané Allah mengkéné, "Hé manungsa sing apes, njupuka bata, sèlèha ing ngarepmu, lan nggambara ing bata mau kutha Yérusalèm.
2 Gambaran kutha mau lagi dikepung; kalèn-kalèné, punthuk-punthukan lemahé, papan kémah sakémahé pisan, apa déné piranti-piranti sing kanggo ndhobrak ing sakubengé témboké.
3 Nuli njupuka wajan wesi, sèlèhna ing antaramu karo gambar kutha mau. Kutha kuwi lagi dikepung, lan kowé sing ngepung. Kuwi pretandha kanggo bangsa Israèl.
4 Banjur turona miring ngiwa, lan kaluputané Israèl bakal Dakbrukaké kowé. Kowé bakal nyangga paukumané Israèl lawasé 390 dina. Pirang taun enggoné Israèl kaukum, iya semono dina enggonmu nanggung paukumané.
5 (4:4)

6 Yèn kuwi wis koktindakaké, banjur
turona miring nengen, nyangga
paukumané Yéhuda, lawasé patang
puluh dina. Sedina kanggo saben taun
paukuman sing Daktetepaké kanggo
Yéhuda.
7 Mripatmu mandenga Yérusalèm sing
dikepung mungsuh. Tanganmu kepelen
lan athungna marang kutha mau karo
ngramala.
8 Kowé bakal Dakbanda nganti kowé
ora bisa alihan, nganti genep dina
pangepungé kutha kuwi.
9 Banjur njupuka gandum sair sawetara,
jali, kacang, kapri, wijèn lan jewawut.
Campuren dadèkna sawadhah, banjur
gawénen roti. Kuwi kanggo panganmu
sajroné kowé turon miring ngiwa suwéné
390 dina.
10 Saben dina kowé kena mangan roti
230 gram, nganti tekan dina candhaké.
11 Kowé iya kena ngombé banyu, sedina
mung rong cangkir.
12 Kowé kudu gawé geni nganggo
kotorané manungsa sing garing, rotimu
kudu kokbakar ana ing kono, lan
panganen ing panggonan sing kena
disawang déning saben wong."

13 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Kuwi kanggo nggambaraké carané
wong Israèl mangan pangan najis
samasa Dakbuwang ing satengahé
bangsa-bangsa."
14 Nanging aku munjuk, "Dhuh
Pangéran, sampun ta mekaten, awit
kawula dèrèng naté najisaken badan
kawula piyambak. Wiwit alit mila kawula
dèrèng naté nedha daging kéwan
ingkang pejah margi sepuh utawi
ingkang kamangsa déning kéwan galak.
Kawula dèrèng naté nedha tetedhan
ingkang kaanggep najis."
15 Pangéran banjur ngandika, "Yèn
mengkono kowé kena nganggo tléthong
sapi gantiné kotoran manungsa. Rotimu
bakaren ana ing kono."
16 Pangandikané menèh, "Hé manungsa
sing apes, Aku bakal ngendheg
pecawisan roti kanggo Yérusalèm.
Wong-wong ing kutha kono bakal padha
semplah atiné lan karo prihatin enggoné
naker pangan lan banyu sing diombé.
17 Wekasané bakal padha kekurangan
pangan lan banyu, nganti bakal padha
bingung lan mati ngenes merga saka
dosané."

5 1 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Hé manungsa sing apes, njupuka
pedhang sing landhep, nuli cukuren
jénggot lan rambutmu kabèh. Rambut
mau timbangen, banjur dumen dadi telu.
2 Sapratelon obongen ana ing kutha
samasa pangepungé kutha wis rampung.
Sapratelon menèh kethok-kethoken
nganggo pedhang karo mlaku-mlaku ana
ing sanjabané kutha. Sing sapratelon
menèh awut-awuten, supaya kabur
kanginan, lan kuwi bakal Dakbabad
nganggo pedhang.
3 Nyisihna rambut sethithik, buntelen
ing poncoting jubahmu.
4 Banjur njupuka rambut sethithik
menèh, buwangen ing geni, karebèn
kobong kabèh. Saka ing kono bakal metu
geni, sing ngobong wong Israèl kabèh."
5 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa, "Sawangen kutha
Yérusalèm. Kutha kuwi Dakpapanaké
ana ing satengahé bumi, dikubengi
negara-negara liyané.
6 Nanging Yérusalèm wis nglawan
dhawuh-dhawuh-Ku, malah ngétokaké
alané, ngungkuli pialané bangsa-
bangsa sakubengé. Yérusalèm wis

nampik préntah lan suthik netepi
dhawuh-dhawuh-Ku.
7 Mulané, hé Yérusalèm, rungokna
pangandika-Ku, Pangéran Kang
Mahakwasa. Sarèhné kowé ora netepi
dhawuh-Ku lan suthik nglakoni préntah-
Ku ngungkuli para bangsa liyané,
malah kowé nganut adat-tatacarané
bangsa-bangsa sakubengmu,
8 mulané Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa, bakal dadi mungsuhmu.
Kowé bakal Daktibani paukuman ana ing
ngarepé bangsa-bangsa.
9 Merga saka penggawé-penggawéné
sing Daksengiti, Yérusalèm bakal
Dakukum nganggo paukuman sing
durung tau Daktindakaké utawa sing ora
bakal Daktindakaké menèh.
10 Mula para wong tuwa ing Yérusalèm
bakal padha mangan anaké dhéwé
lan anak bakal mangan wong tuwané
dhéwé. Kowé bakal Dakukum lan sing
kari urip bakal Dakbuyaraké ing kéblat
papat.
11 Aku iki Allah kang gesang. Aku Allah
Kang Mahakwasa ngandika mengkéné,
‘Sarèhné kowé wis padha gawé najisé
Pedaleman-Ku nganggo sakèhé déwamu

lan kanisthan sing koklakoni, kowé bakal
Dakrubuhaké. Aku bakal ora ngéman lan
ora bakal maringi kawelasan.
12 Saprateloné wongmu bakal mati
merga saka pageblug lan kaliren ana
ing kutha. Sapratelon bakal mati déning
pedhang ana ing sanjabané kutha.
Sapratelon liyané bakal Dakawut-awut
sumebar ing kéblat papat, sarta Dakoyak
nganggo pedhang.’
13 Kowé bakal padha ngrasakaké
paukuman-Ku sakatogé. Yèn kuwi mau
kabèh wis kelakon, kowé lagi bakal padha
ngerti, yèn Aku, Pangéran sing ngandika
marang kowé sajroning paukuman-Ku,
saka bentèring penggalih-Ku merga
enggonmu laku sèdhèng.
14 Saben wong manca sing liwat bakal
ngala-ala lan ngedohi kowé.
15 Samasa Aku ngesokaké paukuman-
Ku marang kowé, bangsa-bangsa
sakiwa-tengenmu saka girisé bakal
padha gemeter. Kowé bakal dianggep
najis lan dipoyoki déning para bangsa.
16 Panganmu bakal Dakcelet, nganti
kowé bakal padha kaliren. Kaya landhepé
panah sing nembus awakmu, mengkono

enggonmu ngrasakaké perihé wong
kaliren.
17 Aku bakal nekakaké paceklik
lan kéwan galak sing bakal matèni
anak-anakmu, semono uga nekakaké
pageblug, pangrodha-peksa lan
perang sing matèni kowé. Mengkono
pangandikané Pangéran."

6

1 Pangéran ngandika mengkéné
marang aku,
2 "Hé manungsa sing apes, ndelenga
gunung-gunungé Israèl lan ngramala
atas asma-Ku.
3 Gunung-gunung kuwi kandhanana
supaya padha ngrungokaké
pangandikané Pangéran. Padha
ngrungokna apa sing Dakngandikakaké.
Aku Allah Kang Mahakwasa ngandika
marang gunung-gunung, punthuk-
punthuk, jurang-jurang lan lembah-
lembah. Aku bakal nekakaké pedhang
sing ngrusak panggonan-panggonan
sing dienggo wong Israèl nyembah
brahala.
4 Mesbèh-mesbèh bakal karubuhaké
lan padupan-padupan bakal karemuk.
Wong-wong bakal dipatèni ana ing
ngarepé déwané.

5 Jisimé wong-wong Israèl mau
bakal Daksebar. Balung-balungé bakal
Dakawut-awut ing sakiwa-tengené
mesbèh-mesbèhé.
6 Kutha-kuthané Israèl bakal
Dakgempur kabèh, nganti mesbèh-
mesbèh lan recané ukir-ukiran padha
remuk ajur-mumur. Panggonané
ngobong dupa bakal dilebur, lan kabèh
sing digawé déning tangané manungsa
bakal sirna.
7 Ana ing ngendi-endi bakal ana pepati,
lan kekarèné sing urip bakal ngakoni yèn
Aku iki Pangéran.
8 Ana wong sawetara sing bakal oncat
saka pati, lan kuwi bakal Dakbuwang ing
antarané bangsa-bangsa,
9 sarta urip ana ing pembuwangan.
Wong-wong kuwi sing bakal éling
marang Aku lan ngerti yèn Aku piyambak
sing ngukum lan sing ndadèkaké wirangé
wong-wong mau, merga saka enggoné
ora setya marang Aku lan nyingkur Aku,
malah padha nyembah brahala-brahala.
Wong-wong mau wis gawé najis awaké
dhéwé merga saka piala lan nindakaké
prekara-prekara sing nistha.

10 Wong-wong kuwi bakal ngakoni yèn
Aku iki Pangéran lan pepéling-pepéling-
Ku dudu tembung ngayawara."
11 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Remet-remeten
tanganmu lan gedrug-gedrugna sikilmu!
Nangisa, merga sedhih saka sakèhé piala
lan penggawé najis sing ditindakaké
déning wong Israèl. Wong-wong kuwi
bakal mati srana perang, paceklik lan
pageblug.
12 Sing adoh bakal ketaman lelara
banjur mati, sing cedhak bakal mati
ing peprangan; kekarèné sing urip
bakal mati kaliren. Kabèh bakal padha
ngrasakaké paukuman-Ku.
13 Jisim-jisim bakal pating gléthak ana
ing sakiwa-tengené mesbèh-mesbèh,
sumebar ana ing punthuk-punthuk, ing
pucuké saben gunung, ing ngisoré saben
wit ngrembuyung lan papan ngendi waé,
sing padha dienggo gawé kurban marang
para brahalané. Mula saben wong bakal
ngerti yèn Aku iki Pangéran.
14 Temenan, Aku bakal ngegaraké
asta-Ku lan nggempur tanah iki, wiwit
saka segara wedhi ing sisih Kidul
tekan kutha Riblah ing sisih Lor tanpa

ngéman panggonan ing ngendi waé
sing dienggoni wong Israèl. Nganti
saben wong bakal ngakoni yèn Aku iki
Pangéran."

7 1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Hé manungsa sing apes, Aku,
Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
marang wong Israèl mengkéné, ‛Wis
tekan akiré satanah Israèl kabèh!’"
3 "Hé Israèl, kowé wis tekan ing
wekasanmu! Kowé bakal ngrasakaké
aboting paukuman-Ku, merga kowé
Dakukum timbang karo penggawému.
Kowé bakal Dakwales timbang karo
penggawému sing najis.
4 Aku bakal ora melasi kowé babar-
pisan. Nanging sakèhé penggawému
sing najis bakal Dakukum, nganti kowé
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran."
5 Mengkéné pangandikané Pangéran
Kang Mahakwasa, "Kasangsaran bakal
nekani kowé gilir-gumanti.
6 Wis rampung kabèh. Mengkéné iki
wekasané.
7 Kanggoné kowé wong sing padha
manggon ana ing tanah kéné wis tekan
wektuné. Ora suwé menèh bakal ora ana

kraméan ana ing papan-papan kanggo
nyembah brahala, anané mung padha
bingung.
8 Sedhéla menèh kowé bakal
ngrasakaké aboting paukuman-Ku.
Kowé Dakadili miturut penggawému.
Kowé bakal Dakwales manut sakèhé
penggawému sing najis.
9 Kowé bakal ora Dakéman utawa
Dakwelasi. Kowé bakal Dakukum manut
penggawému sing najis, supaya kowé
ngerti yèn Aku iki Pangéran, sing
ngukum kowé."
10 Dinaning kasangsaran kanggo
Israèl wis teka. Rerusuh kedadéan
ana ing ngendi-endi. Piangkuh tuwuh
ngambra-ambra.
11 Kekerasan nekakaké piala werna-
werna. Barang-darbèké ora ana sing
kari, raja-branané, kaluhurané lan
kamulyané kabèh entèk.
12 Wis tekan wektuné. Wis tekan dinané
dol-tinuku ora ana gunané, merga
paukumané Pangéran bakal nekani
saben wong tanpa mbédak-mbédakaké.
13 Para sudagar cendhak umuré,
nganti wong mau mati sadurungé pulih
bandhané, merga paukumané Pangéran

nekani saben wong. Wong ala bakal ora
lestari urip.
14 Slomprèté muni, lan saben wong
padha siap. Nanging bakal ora ana
wong sing mangkat perang, sebab Allah
piyambak sing bakal ngukum saben
wong, tanpa mbédak-mbédakaké, kabèh
padha.
15 Ing sedalan-dalan ana perang, ing
omah-omah ana lelara lan kekurangan
pangan. Saben wong sing ngungsi metu
saka negara padha mati kena pedhang,
lan saben wong sing ana ing njero kutha
padha mati merga lara lan kaliren.
16 Ana sing padha ngungsi ing
pegunungan, kaya manuk dara sing wedi
ana ing tanah ngaré. Wong kabèh mau
bakal padha sesambat nggetuni dosané.
17 Tanganė padha dadi lemes lan
dhengkulé padha gemeter.
18 Wong padha nganggo bagor lan
kabèh padha wedi lan gemeter, sirahé
digundhuli lan padha digawé wirang.
19 Emas lan slakané padha dibuwangi
ana ing dalan-dalan kaya uwuh. Merga
slaka lan emas ora bisa ngluwari wong-
wong mau samasa Pangéran nekakaké
paukumané. Ora kena kanggo nuruti

pepénginané utawa maregi wetengé.
Emas lan slaka ndadèkaké sandhungan
sing njalari wong tumiba ing dosa.
20 Biyèn wong padha gemunggung
merga duwé raja-brana éndah akèh,
nanging raja-brana mau padha digawé
reca ukir-ukiran sing najis. Yakuwi sing
dadi jalarané wong-wong mau padha
ditampik déning Pangéran.
21 Pangandikané Pangéran, "Aku bakal
nekakaké bangsa-bangsa liya ngrampas
barang darbèké lan wong ala bakal
njarah-rayah raja-branané digawé najis.
22 Yèn Pasucèn-Ku sing aji kuwi
disepèlèkaké ora bakal Dakalang-alangi,
semono uga yèn dijarah-rayah lan
dinajisaké.
23 Samubarang bakal semrawut. Tanah
kono bakal kebak wong sing padha
patèn-patènan lan kutha-kutha bakal
kebak panganiaya.
24 Bangsa-bangsa sing ala dhéwé
bakal Daktekakaké mréné ngenggoni
omah-omahmu. Wong-wongmu sing
rosa dhéwé bakal ora wani menging,
samasa bangsa-bangsa kapir padha
najisaké papan-papan sing kokenggo
ngibadah.

25 Wong kabèh bakal padha semplah
atiné, kowé bakal padha golèk slamet,
nanging ora bakal olèh.
26 Cilaka gilir-gumanti bakal nekani
kowé, mengkono uga pawarta ala bakal
ora pedhot-pedhot. Kowé bakal njaluk
para nabi medharaké wahyu. Nanging
imam-imam ora duwé piwulang, sarta
para wong tuwa padha ora bisa awèh
pamrayoga.
27 Ratu bakal nandhang sedhih, para
penggedhé bakal ora duwé pengarep-
arep menèh, lan rakyat bakal gemeter
saka wediné. Kowé bakal Dakukum
merga sakèhé piala sing wis koklakoni,
lan bakal Dakwales kaya tumindakmu
marang wong liya. Kuwi supaya wongé
ngertia, yèn Aku iki Pangéran."

8 1 Nalika enggonku ana ing
pembuwangan nyandhak taun
kaping nem, dhèk mbeneri tanggal
lima sasi kaping nem, para pemimpiné
wong buwangan ing Yéhuda padha
lungguhan ing omahku. Dumadakan aku
katedhakan Rohing Pangéran.
2 Aku tumenga banjur weruh wahyu.
Katon ana priya, sing saka bangkèkan
mengisor katon kaya geni, lan saka

bangkèkan mendhuwur mencorong kaya
swasa sing digosok.
3 Priya mau ngangkat astané lan
nyandhak rambutku. Ana ing wahyu mau
aku dijunjung déning Rohé Pangéran
ing awang-awang, digawa menyang
Yérusalèm, menyang Pedalemané Allah,
metu gapura sing sisih Lor, banjur mlebu
ing Pedalemané Allah. Ing kono ana
recané brahala, njijiki banget kanggoné
Pangéran.
4 Ana ing kono aku weruh pepadhang
gedhé sing mblerengi mripat nandhakaké
yèn Pangéran, Allahé Israèl ana ing
panggonan kono, kaya wahyu sing
dakdeleng nalika aku ana ing sapinggiré
Kali Kebar.
5 Gusti Allah banjur ngandika marang
aku mengkéné, "Hé manungsa sing
apes, apa kowé ngerti lelakon iki?
Delengen lelakon njijiki sing ditindakaké
déning umat Israèl ana ing kéné, nganti
Aku kepeksa ngedohi papan pasucèn-Ku!
Kowé isih bakal ndeleng penggawéné
sing luwih nistha menèh ketimbang karo
kuwi."
6 (8:5)

7 Aku banjur kabekta menyang
lawanging plataran lan ditedahi bolongan
sing ana ing témbok.
8 Pangandikané, "Hé manungsa sing
apes, mbrobosa ing bolongan kuwi." Aku
banjur mbrobos, weruh ana lawang.
9 Pangandikané Pangéran, "Mlebua, lan
delengen penggawé nistha sing padha
dilakoni ana ing kéné."
10 Aku mlebu lan ndeleng. Ing témbok
ana gambarané naga lan kéwan-kéwan
najis liyané, mengkono uga aku weruh
barang-barang liyané sing disembah
déning wong Israèl.
11 Ing panggonan kono ana wong
ngadeg 70, yakuwi para pemimpiné
Israèl, klebu Yaazanya bin Safan. Saben
wong nyekeli bokor padupan, sing
ngetokaké kukus kumelun.
12 Pangandikané Pangéran, "Hé
manungsa sing apes, apa kowé ngerti
sing ditindakaké déning para pemimpiné
umat Israèl dhéwé-dhéwé karo
sesidheman? Kabèh padha nyembah
brahala ana ing kamar sing kebak reca
ukir-ukiran. Alasané, ‘Pangéran rak ora
mirsani kita! Panjenengané wis nilar
tanah kéné.’"

13 Pangéran banjur ngandika mengkéné,
"Kowé bakal ndeleng prekara sing luwih
njijiki menèh ketimbang karo kuwi."
14 Aku banjur dibekta menyang
gapurané Pedalemané Allah sing sisih
Lor. Aku ditedahi wong wadon padha
nangisi patiné Déwa Tamus.
15 Pangandikané Pangéran, "Hé
manungsa sing apes, delengen kuwi?
Kowé bakal ndeleng prekara-prekara
sing luwih njijiki tinimbang kuwi."
16 Aku banjur dibekta menyang
platarané Pedalemané Allah sing njero.
Ana ing sacedhaké lawangé Sasana
Suci, ing antarané mesbèh lan dalan
sing kanggo liwat, ana wong 25 padha
kumpul, ngungkuraké Sasana Suci,
padha tumungkul sujud madhep ngétan,
nyembah srengéngé sing lagi mlethèk.
17 Pangandikané Pangéran marang
aku, "Hé wong sing apes, apa kowé wis
ndeleng kuwi? Wong Yéhuda ora marem
yèn mung nindakaké penggawé nistha
kaya sing kokdeleng ing kéné, karo
nglakoni panganiaya rata satanah kabèh.
Ora, mulané padha mréné lan nglakoni
kanisthan mau ana ing Pedaleman-Ku,
sarta njalari duka-Ku. Delengen enggoné

nyepèlèkaké marang Aku rak katog
temenan!
18 Mulané bakal padha ngrasakaké
aboting paukuman-Ku. Ora bakal
Dakéman utawa Dakwelasi. Wong-wong
mau bakal padha sesambat sakatogé,
swarané sora, nanging Aku bakal ora
miyarsakaké!"
9 1 Aku banjur krungu Pangéran
ngandika sora mengkéné, "Mrénéa,
wong-wong sing bakal padha ngukum
kutha iki. Padha nggawaa gegaman."
2 Sanalika ana wong lanang nem teka
saka gapura sing sisih Lor, saben wong
nggawa gegaman. Wong-wong mau
dibarengi wong siji sing nganggo jubah
léna nggawa piranti kanggo nulis. Wong
mau kabèh banjur padha mlebu lan
ngadeg ing sacedhaké mesbèh prunggu.
3 Ing kono pepadhangé Pangéran Allahé
Israèl sing mblerengi jumedhul saka
para makluk sing nganggo swiwi, merga
pepadhang mau panggonané ana ing
kono. Saka kono banjur mlebu ing
Pedalemané Allah. Pangéran banjur
nimbali wong sing nganggo jubah léna,
dingandikani mengkéné,

4 "Kowé mlakua ing satengahé kutha
Yérusalèm. Saben wong sing sedhih lan
prihatin merga sakèhé kanisthan sing
kelakon ana ing kutha kéné bathuké
wènèhana tenger aksara T."
5 Marang wong-wong liyané aku krungu
Pangéran dhawuh, "Ngetutna wong kuwi
ndlajahi kutha, matènana. Aja ana sing
kokéman, aja ana sing kokwelasi.
6 Wong tuwa, wong nonoman, prawan,
ibu-ibu lan bocah-bocah, kabèh
patènana. Nanging sing nganggo tenger
aksara T lan bathuké aja kokgepok.
Wiwitana saka Pedalemané Allah kéné."
Dadi sing dipatèni dhisik para pemimpin
sing padha ngadeg ana ing Pedalemané
Allah.
7 Pangandikané Pangéran, "Pedalemané
Allah kuwi gawénen najis. Plataramé
kebakana jisim-jisim. Wis, tindakna!"
Banjur padha wiwit matèni wong-wong
sing ana ing kutha kono.
8 Nalika padha matèni wong-wong mau
aku ana ing kono dhèwèkan. Aku banjur
sujud sumungkem karo matur sora,
"Dhuh Pangéran, menapa semanten
mulading duka Paduka, ngantos badhé
mejahi kekantunaning Israèl sedaya?"

9 Wangsulané Pangéran, "Wong Israèl
lan Yéhuda padha gawé dosa sing
njijiki banget. Padha gawé pepati rata
satanah kabèh lan Yérusalèm wis kebak
piala. Padha kandha, yèn tanah iki wis
Daktinggal, mula Aku wis ora pirsa apa
sing padha dilakoni.
10 Mulané wong-wong kuwi bakal ora
Dakwelasi. Bakal padha Dakwales, kaya
enggoné males wong liya."
11 Wong sing nganggo jubah léna
teka lapur marang Pangéran, "Dhawuh
Paduka sampun kawula lampahi."

10 1 Aku ndeleng kubah sing ana
ing sandhuwuré sirahé para
makluk sing padha nganggo swiwi. Ing
ndhuwuré kubah mau katon ana kaya
dhampar saka permata éndah.
2 Pangéran ngandika marang wong sing
nganggo jubah léna mau, "Kowé nlusupa
ing antarané rodha-rodha sing ana ing
ngisoré para makluk kuwi lan ngrakupa
mawa mengangah. Mawa kuwi sawurna
ing sandhuwuré kutha." Aku ndeleng
wong mau nlusup.
3 Makluk sing nganggo swiwi padha
ngadeg ing sakidulé Pedalemané Allah,
nalika wong mau nlusup ing antarané

rodha-rodha. Platarańé Pedalemané
Allah ketutupan ing méga.
4 Pepadhangé Pangéran sing mblerengi
banjur njedhul saka para makluk, mlebu
ing Pedalemané Allah. Méga mau banjur
ngebaki Pedaleman, nganti platarańé
padhang njingglang.
5 Swaraning swiwiné para makluk
keprungu nganti tekan ing plataran
sing njaba, kaya swarané Allah yèn lagi
ngandika.
6 Wong sing nganggo jubah léna
kadhawuhan déning Pangéran njupuk
geni saka ing antarańé rodha-rodha sing
ana ing ngisoré para makluk. Wong mau
banjur mlebu lan ngadeg ana ing sisihé
rodha.
7 Makluk siji njupuk nganggo tangan
mawa mengangah sing ana ing
satengahé, didèkèkaké ana ing tanganė
wong sing nganggo jubah léna mau.
Sawisé mengkono wong mau banjur
lunga.
8 Makluk-makluk kuwi ing ngisor
swiwiné ana tangané, kaya tangané
manungsa.
9 Aku iya weruh ana rodha papat,
kabèh padha, ing sisihé saben makluk

ana rodhané siji. Rodha-rodha mau
mencorong kaya permata sing aji, lan
saben rodha ing tengahé ana rodhané
menèh sing marakaké rodha sing gedhé
bisa ménggak-ménggok.
10 (10:9)
11 Para makluk mau bisa maju menyang
ngendi waé tanpa minger. Enggoné maju
bebarengan, sakarepé.
12 Badané sekojur, geger, tangan, swiwi
lan rodha-rodha, kabèh kebak mripat.
13 Rodha-rodha kuwi padha karo sing
dakdeleng ana ing wahyu sing kapisan.
Sakrunguku rodha-rodha iku jenengé
"rodha mubeng".
14 Saben makluk rainé papat. Rai sing
siji rupa rai sapi lanang, sing kapindho
rai manungsa, sing katelu rai singa, sing
kapat rai garudha.
15 (Makluk-makluk kuwi padha karo
sing dakdeleng ana ing sapinggiré Kali
Kebar.) Samasa makluk-makluk mau
mumbul ing awang-awang lan
16 maju, rodha-rodhané mèlu kangkat.
Yèn para makluk mau ngegaraké swiwiné
lan mabur, rodha-rodha mau iya katut.
17 Yèn para makluk mau mandheg,
rodha-rodha mau mèlu mandheg.

Samasa para makluk mabur menèh,
rodhané mèlu menèh, merga nyawané
makluk-makluk kuwi ana ing rodha-
rodha mau.
18 Pepadhang mblerengi, sing
mbèbèraké kamulyané Pangéran banjur
nilar lawanging Pedalemané Allah, bali
menyang kubah sing ana ing sandhuwuré
para makluk.
19 Para makluk mau banjur ngegaraké
swiwiné lan mabur saka bumi, nggawa
rodha-rodhané. Nalika lungané, aku
weruh dhéwé. Banjur padha mandheg
ana ing gapurané Pedalemané Allah
sing sisih Wétan, lan padha kesorotan
pepadhang mblerengi, sing mbèbèraké
kamulyané Pangéran.
20 Makluk-makluk padha karo sing
dakdeleng ana ing sangandhapé
Pangéran Allahé Israèl, nalika aku ana
ing sapinggiré Kali Kebar.
21 Saben makluk rainé papat, swiwiné
papat lan tangané papat, kaya tangan
manungsa, panggonané ana ing
sangisoring swiwi.
22 Rai-rai mau cèples karo rai-rai sing
dakdeleng ana ing sapinggiring Kali

Kebar. Saben makluk lakuné kenceng
manut enering adhepé.

11 [1] Aku banjur diangkat déning
Rohing Pangéran, kabekta
menyang gapuraning Pedalemané Allah
sing ana ing sisih Wétan. Ing sacedhaké
gapura mau aku weruh ana wong lanang
selawé, lan ing satengahé wong-wong
mau aku weruh Yaazanya bin Azur lan
Pélaca bin Benayah; wong-wong kuwi
klebu penggedhéné bangsa Israèl.
[2] Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné, "Hé wong apes, wong-wong
kuwi padha ngrancang arep gawé piala
lan nyebar piwulang goroh ana ing
kutha.
[3] Pangucapé, ‘Sedhéla engkas kita
bakal mbangun omah. Kutha iki presasat
kuwali isi banyu umob, lan kita iki kaya
daging sing lagi digodhog ana ing kuwali
mau, nanging saora-orané kita ora
kebrongot geniné.’
[4] Mulané medhara wangsit, wong-wong
kuwi padha welèhna blak-blakan."
[5] Aku banjur dikwaosi déning Rohing
Pangéran, lan Pangéran paring dhawuh
mengkéné, "Hé umat Israèl, Aku

ngerti sing kokucapaké lan apa sing
kokrancang.
6 Kowé wis matèni wong pirang-pirang
ing kutha kéné, nganti dalan-dalané
kebak mayit.
7 Mulané Aku, Pangéran Allah Kang
Mahakwasa ngandika marang kowé
mengkéné: Kutha iki pancèn kuwali
sing banyuné umob, nanging daging
sing digodhog kuwi apa? Ora liya
mayit-mayité wong sing kokpatèni! Dadi,
iki dudu panggonanmu. Kowé bakal
Dakbuwang saka kutha iki!
8 Kowé rak wedi karo pedhang. Aku
bakal nekakaké wong sing padha nggawa
pedhang nyerang kowé.
9 Kowé bakal padha Dakulungaké ing
tangané para wong manca. Kowé wis
padha Dakukum pati,
10 lan kowé bakal padha dipatèni
ing sajroning peprangan ing tanahmu
dhéwé. Nanging saben wong bakal ngerti
yèn Aku iki Pangéran.
11 Kowé bakal ora olèh pengayoman ing
kutha kéné, kaya kuwali sing ngayomi
daging sing ana ing njeroné. Kowé bakal
Dakukum ana ing ngendi waé ing tanah
Israèl kéné.

12 Kowé bakal ngerti yèn Aku iki
Pangéran, lan senajan kowé netepi
prenatan-prenatané bangsa-bangsa
sakiwa-tengenmu, nanging kowé padha
nglanggar préntah-Ku lan ora mbangun-
turut karo dhawuh-dhawuh-Ku."
13 Sajroné aku isih medhar wangsit,
Pélaca ambruk mati. Aku banjur sujud
sumungkem ing bumi sarta njerit, "Dhuh
Pangéran Ingkang Mahakwasa, menapa
Paduka badhé mejahi sedaya tiyang
Israèl ingkang taksih kantun?"
14 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné,
15 "Hé wong apes, wong-wong ing
Yérusalèm lan wong-wong Israèl sing
padha ora ana ing pembuwangan
ngrasani kowé, kandhané, ‘Wong sing
padha ana ing pembuwangan kuwi wis
adoh saka Pangéran. Dadiné tanah iki
saiki kaparingaké marang kita.’
16 Kanca-kancamu wong buwangan
padha kandhanana mengkéné, ‘Aku,
Pangéran sing mbucal wong-wong
kuwi Dakpapanaké ana ing antarané
bangsa-bangsa sing adoh, mbuyaraké
wong-wong mau ing negara-negara liya.
Éwasemono Aku bakal ana ing tengahé.’

17 Banjur kandhanana yèn Aku
Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné: Wong buwangan kuwi bakal
Dakklumpukaké saka tanah-tanah
panggonané para bangsa, papan
panggonané Daksebar, nuli bakal padha
Dakparingi tanahé dhéwé menèh.
18 Sawisé padha ana ing tanahé dhéwé
wong-wong mau kudu padha nyingkiraké
sakèhing déwané sing nistha sing ana
ing kana.
19 Wong-wong mau bakal Dakparingi
ati anyar lan bebudèn anyar. Atiné
sing wangkot lan atos kaya watu
bakal Dakpundhut, Dakparingi ati sing
mbangun-turut.
20 Mula wong-wong mau bakal netepi
dhawuh-Ku lan ngèstokaké sakèhé
prenatan-Ku kanthi setya. Wong-wong
kuwi bakal padha dadi umat-Ku lan Aku
bakal dadi Allahé.
21 Nanging sing padha seneng nyembah
déwa-déwa sing najis lan njijiki bakal
Dakukum timbang karo dosané."
Mengkono pangandikané Pangéran.
22 Para makluk nuli padha mabur,
rodha-rodhané padha katut cahya
kamulyaning Pangéran ana kono.

23 Cahya mau sing ngetingalaké
kamulyané Pangéran banjur mumbul
saka satengahé kutha pindhah menyang
gunung sing ana ing sawétané kutha
mau.
24 Ana ing wahyu mau aku diangkat
déning Rohé Pangéran, kabekta menyang
panggonané wong buwangan ing Babil
menèh. Wahyu mau banjur ilang,
25 lan aku banjur martakaké marang
wong buwangan, sakèhé prekara sing
diketingalaké déning Pangéran marang
aku.

12

1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Hé wong apes, kowé manggon ing
tanahé wong mbangkang. Padha duwé
mripat, nanging ora ndeleng. Padha
duwé kuping, nanging ora krungu,
merga saka enggoné ndableg.
3 Wong apes, saiki kowé mbuntelana
barang-barangmu kaya sing lumrahé
digawa déning wong buwangan, banjur
metua lan mlakua ing wayah surup,
nganti saben wong weruh enggonmu
mlaku saka panggonan siji menyang
panggonan liyané, mula wong-wong sing
mbangkang mau iya padha weruh.

4 Mumpung isih padhang, barang-
barangmu buntelen kaya wong sing
arep boyongan, supaya padha weruh
kowé lan weruh enggonmu lunga ing
wayah soré, kaya wong sing arep digawa
menyang pembuwangan.
5 Yèn wong-wong mau padha
ngawasaké kowé, témboké omahmu
bobolen lan buntelanmu brobosna metu
bolongan mau.
6 Wong-wong mau karebèn padha
weruh enggonmu manggul buntelanmu,
lan metu ing petengan karo mripat
tutupan, mula kowé ora ngerti menyang
endi paranmu. Apa sing koktindakaké
mau kabèh, kanggo pepéling tumrapé
umat Israèl."
7 Apa sing kadhawuhaké déning
Pangéran mau banjur daklakoni. Ing
dina kuwi aku mbunteli barang-barang
sing arep dakgawa, kaya carané wong
sing arep lunga ing pemboyongan.
Bareng wis soré lan ngarepaké peteng,
aku banjur mbobok témboké omahku
nganggo tangan, nuli mbrobos metu
ing bolongan mau. Wong akèh padha
ndeleng enggonku manggul buntelanku
lan lunga saka kono.

8 Ésuké Pangéran ngandika marang aku
mengkéné,
9 "Hé wong apes, wong Israèl sing
nglawan kuwi bakal takon kowé bab
penggawému sing mengkono mau.
10 Wangsulana, yèn Aku Pangéran
bakal ngandika marang wong-wong
mau. Pangandika iki katujokaké marang
para penggedhé sing ngerèh kutha
Yérusalèm, lan kanggo wong kabèh sing
padha manggon ana ing kono.
11 Kandhanana yèn apa sing
koktindakaké kuwi dadi pretandha
kanggo dhèwèké. Wong-wong mau bakal
ditawan lan dibuwang.
12 Para penggedhé sing ngerèh kutha
kono bakal manggul buntelané ing
wayah bengi, lan nrobos metu bolongan
témbok, sing dibobol. Wong-wong kuwi
bakal nutupi mripaté nganti ora ngerti
menyang endi parané.
13 Nanging Aku bakal masang jaring-Ku
kanggo nyegat. Sawisé mengkono
wong-wong mau bakal Dakboyong
menyang Babil, lan ing kono bakal padha
mati tanpa meruhi tanah endi sing
ditekani mau.

14 Kabèh sing ana ing kedhaton kono,
sarta para penaséhat lan para pengawal
bakal padha Dakbuyaraké menyang
kéblat papat. Wong-wong sing arep
matèni bakal padha nggolèki.
15 Yèn wis Dakbuyaraké ing antarané
bangsa-bangsa manca, wong-wong mau
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.
16 Aku bakal ngarèkaké sethithik sing
oncat saka peprangan, paceklik lan
pageblug, mula ing tanah manca, ing
satengahé bangsa-bangsa mau bakal
padha ngerti sepira gedhéné kanisthan
sing wis ditindakaké, sarta bakal padha
ngakoni yèn Aku iki Pangéran."
17 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné,
18 "Hé wong apes, yèn kowé mangan
gemetera, lan ngombéa karo wèl-wèlan,
merga saka giris.
19 Kandhakna karo umat Israèl kabèh,
yèn Aku Pangéran, ngandika mengkéné
marang wong sing isih padha manggon
ing Yérusalèm, 'Kowé bakal padha
mangan karo gemeter, lan enggonmu
ngombé bakal karo wèl-wèlan saka
wedimu. Tanahé bakal digundhuli, merga
saben wong sing manggon ing kono

padha tumindak sekarepé dhéwé, ora
manut prenatan.
20 Kutha-kutha sing kebak wong mau
bakal katumpes, lan tanahé kadadèkaké
ara-ara samun. Nganti wong-wong mau
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.’"
21 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné,
22 "Hé wong apes, yagéné wong Israèl
bola-bali padha kandha mengkéné, ‘Wis
tekan wektuné, nanging prekara-prekara
sing diramalaké durung kelakon.’
23 Saiki kandhakna pangandika-Ku,
Pangéran Kang Mahakwasa, bab
unèn-unèn mau: ‘Bakal Dakilangi, mula
ing tanah Israèl kéné bakal ora ana
wong sing ngucapaké prekara kuwi mau
menèh.’ Malah kandhanana, ‘Wis tekan
wektuné lan ramalan-ramalan bakal
kelakon!’
24 Ing satengahé bangsa Israèl bakal
ora ana wahyu apus-apusan utawa
ramalan sing nasaraké.
25 Aku, Pangéran Kang Mahakwasa,
bakal ngandika karo bangsa iki. Ora
bakal Daksesuwé menèh. Sajroné kowé
isih padha urip, hé sakèhé wong sing
nglawan, Aku bakal nekakaké paukuman

kaya sing biyèn wis Dakngandikakaké.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa."
26 Dhawuhé Pangéran marang aku, "Hé
manungsa sing apes, Israèl kandha yèn
wahyu lan ramalan kelakoné isih suwé.
27 (12:26)
28 Mulané kandhakna marang wong-
wong mau, yèn Gusti Allah ngandika:
Apa sing Dakdhawuhaké mesthi kelakon
ora bakal diendhé-endhé."

13 1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Hé wong apes, medhara wangsit
nglawan nabi-nabi ing Israèl sing gawé
wangsit dhéwé. Kandhanana supaya
padha ngrungokaké pangandikané
Pangéran.
3 Mengkéné pangandikané Pangéran,
'Nabi-nabi gemblung kuwi bakal kaukum!
Awit padha nuruti pangrasaning atiné
dhéwé lan ngothak-athik wahyu dhéwé.
4 Hé umat Israèl, nabi-nabimu kuwi
tanpa guna, kaya asu ajag sing manggon
ana ing satengahing gempuran kutha.
5 Nabi-nabi kuwi ora njaga bètèng sing
padha bolong, lan padha ora ndandani
témbok-témbok, mula Israèl bakal ora

bisa nahan seranganė mungsuh samasa
ketekan dina paukumanė Pangéran.
6 Wahyuné wong-wong kuwi apus-
apusan lan ramalané mau goroh. Padha
kandha yèn Aku sing ngutus wong-wong
mau, mangka nyatané ora. Senajan
mengkono padha ngarep-arep ramalané
mau kelakon!'
7 Aku ngandika mengkéné marang
nabi-nabi mau, 'Sing padha kokdeleng
kuwi rak wahyu apus-apusan, lan
ramalanmu kuwi rak goroh. Kowé
kandha-kandha yèn Aku sing ngandika,
mangka Aku ora ngandika apa-apa karo
kowé!'"
8 Mengkéné pangandikané Pangéran
marang woh-woh mau, "Kabèh
tembungmu kuwi goroh, lan wahyu-
wahyumu kuwi apus-apusan. Mulané
kowé Daklawan.
9 Kowé bakal Dakukum, hé nabi-nabi
sing ngothak-athik wahyu apus-apusan
lan gawé ramalan-ramalan goroh. Kowé
ora bakal mèlu ana ing kumpulané
umat-Ku samasa padha gawé putusan,
lan jenengmu bakal ora klebu ing daftaré
penduduk ing Israèl. Kowé ora bakal bali
menyang tanahmu menèh. Mulané kowé

bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran Kang
Mahakwasa.
10 Para nabi mau nggorohi umat-Ku
merga kandha yèn kabèh wis bèrès.
Mangka satemené kabèh ora bèrès.
Umat-Ku ngedegaké témbok nganggo
watu sing mung ditumpuk-tumpuk.
Banjur para nabiné teka, nglabur
témboké nganggo gamping.
11 Nabi-nabi kuwi kandhanana yèn
témbok mau bakal rubuh. Aku bakal
nekakaké udan deres, semono uga udan
ès lan angin gedhé, bakal Daksentoraké
ana ing témbok mau.
12 Témbok mau nganti bakal rubuh lan
saben wong bakal takon karo kowé apa
gunané gamping sing kokgawé nglabur
témbok mau."
13 Mengkéné pangandikané Pangéran
marang aku, "Sajroning bentèré
penggalih-Ku Aku bakal nekakaké angin
gedhé, udan deres lan udan ès kanggo
ngrubuhaké témboké.
14 Témbok sing dilabur mau bakal
Dakrubuhaké lan Dakobrak-abrik nganti
pondhasiné padha katon. Témboké bakal
ambruk lan ngebruki kowé kabèh nganti

mati. Mula saben wong bakal ngerti yèn
Aku iki Pangéran.
15 Témbok lan wong sing nglabur
témbok nganggo gamping mau bakal
ngrasakaké duka-Ku. Lan Aku bakal
ngandika marang kowé, ‘Wis sirna
témboké, wis sirna wong sing padha
nglabur.’
16 Mengkono mau bakal kedadéané
para nabi sing kandha, ‘Kabèh wis bèrès’,
mangka sejatiné kabèh ora bèrès."
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa.
17 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Hé wong apes, delengen para wong
wadon ing antaramu sing padha medhar
wangsit. Wong-wong kuwi élikna
18 lan kandhanana apa sing
dingandikakaké déning Pangéran
Kang Mahakwasa kanggo wong-wong
mau: ‘Hé para dhukun wadon, kowé
bakal diukum. Saben wong ugel-ugelé
koktalèni nganggo jimat, lan sirahé
wong kabèh kokenggoni kudhung,
kanggo nelukaké wong liya. Kowé arep
ngwasani pati lan uripé umat-Ku kanggo
kepentinganmu dhéwé.

19 Srana mengkono kowé ngrèmèhaké
Aku ana ing ngarepé umat-Ku supaya
kowé nampa opah jali segegem lan
roti sawetara. Kowé matèni wong sing
durung wektuné mati, lan nglestarèkaké
wong padha urip sing mesthiné ora
patut urip. Kowé ngapusi umat-Ku, lan
wong-wong mau padha ngandel karo
kowé.’"
20 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Aku sengit karo
tali jimat sing kokenggo ngwasani urip
lan patiné wong. Kuwi bakal Dakrebat
saka tanganmu, lan wong-wong sing
kokkwasani bakal Dakluwari.
21 Krudhung-krudhungmu bakal
Daksuwèk-suwèk lan umat-Ku bakal
Dakuwalaké saka pangwasamu ing
selawas-lawasé. Lan kowé bakal ngerti
yèn Aku iki Pangéran.
22 Wong becik padha kokgawé cilik atiné
srana apus-apusanmu, mangka Aku ora
tegel yèn wong-wong kuwi nemu cilaka.
Wong ala ora kokcegah gawé piala lan
ora kokkon mratobat, mangka wong
kaya mengkono mau koklestarèkaké
urip.

23 Mulané wahyu-wahyumu sing goroh
lan ramalan sing mung apus-apusan
kuwi bakal Daksirnakaké. Umat-Ku bakal
Dakluwari saka pangwasamu, lan kowé
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran."

14 1 Ana pemimpiné Israèl marani
aku takon bab kersané Pangéran.
2 Pangéran banjur ngandika marang
aku mengkéné,
3 "Hé wong apes, wong-wong kuwi ing
batiné padha nyembah brahala, mula
padha nglakoni dosa. Wong sing kaya
mengkono apa pantes padha nyuwun
tulung karo Aku?
4 Wangsulana lan kandhakna apa sing
Dakngandikakaké marang wong-wong
mau, ‛Saben wong Israèl sing ing
batiné nyembah brahala, padha gawé
dosa, banjur takon marang nabi, bakal
Dakparingi wangsulan sing pantes
kanggoné wong sing akèh brahalané.
5 Brahala-brahala mau sing njalari
wong Israèl nyingkur Aku; muga-muga
srana wangsulan-Ku wong Israèl dadi
ngetutburi Aku menèh.’
6 Saiki wong Israèl kandhanana yèn Aku
dhawuh mengkéné, ‛Padha mratobata

lan tinggalen brahala-brahalamu sarta
penggawému sing nistha.’
7 Samasa ana wong Israèl utawa wong
manca sing manggon ana ing satengahé
bangsa Israèl nyingkur Aku lan nyembah
brahala-brahala, mangka banjur takon
marang nabi, Aku Pangéran Kang
Mahakwasa bakal paring wangsulan!
8 Wong kuwi bakal Daklawan, wong
mau bakal Dakgawé tandha kanggo
wong kabèh, bakal Daksirnakaké saka
antarané umat-Ku, supaya kowé ngerti
yèn Aku iki Pangéran.
9 Yèn nabi mau nganti kena dibujuk lan
awèh wangsulan manut karepé dhéwé,
Aku bakal nasaraké wong mau. Nabi
mau bakal Daksirnakaké saka satengahé
umat-Ku.
10 Karo-karoné, nabi lan wong sing
takon ukumané padha aboté.
11 Kuwi kabèh supaya umat Israèl
aja padha nyingkur Aku menèh, sarta
nglakoni dosa lan najisaké awaké,
supaya bakal dadi umat-Ku lan Aku
dadi Allahé." Mengkono pangandikané
Pangéran.
12 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné, "Hé wong apes,

13 yèn ana bangsa sing nglakoni
dosa lan nyingkur marang Aku, Aku
bakal ngacungaké asta-Ku lan ngrusak
sedhiyané pangané. Aku bakal nekakaké
paceklik lan pepati kanggo manungsa
lan kéwan.
14 Senajana Nuh, Dhanièl lan Ayub
padha manggon ana ing kéné,
kamursidané wong-wong mau bakal
mung bisa nylametaké awaké dhéwé.
Mengkono pangandikané Pangéran.
15 Utawa Aku bakal nekakaké kéwan
galak supaya mangsa wong sing padha
manggon ing kéné, nganti tanah kéné
dadi sepi mamring, nganti ora ana wong
sing wani liwat.
16 Senajana wong telu mau padha
manggon ing tanah kono, demi asma-
Ku, wong-wong mau ora bakal bisa
nylametaké, senajan anaké dhéwé
pisan. Bakal mung bisa nylametaké
awaké dhéwé, lan tanah iki bakal dadi
ara-ara samun.
17 Utawa Aku bakal nekakaké perang
ana ing tanah kéné lan kirim gegaman
ampuh kanggo nyirnakaké manungsa
lan kéwan.

18 Senajan wong telu mau padha
manggon ing tanah kéné, demi Aku
Pangéran Kang Mahakwasa, wong-wong
mau ora bakal padha bisa nylametaké,
senajan anaké dhéwé pisan; bisané
mung nylametaké awaké dhéwé.
19 Utawa Aku bakal nekakaké pageblug
ana ing tanah kono, nganti matèni wong
akèh, manungsa lan kéwan pisan,
20 mangka Nuh, Dhanièl lan Ayub padha
manggon ana ing kono, demi asma-Ku
kang gesang, wong-wong kuwi ora bakal
bisa nylametaké, senajan anaké dhéwé
pisan. Kamursidané bakal mung bisa
nylametaké uripé dhéwé."
21 Mengkéné dhawuhé Pangéran Kang
Mahakwasa, "Aku bakal nekakaké
paukuman-Ku patang rupa sing abot
dhéwé marang Yérusalèm, yakuwi
perang, paceklik, kéwan galak lan
pageblug kanggo matèni manungsa lan
kéwan pisan.
22 Yèn ana sing oncat lan bisa
nylametaké anak-anaké, bakal padha
nemoni kowé. Delengen sepira gedhéné
pialané, nganti kowé yakin, yèn
paukuman sing Daktekakaké mau wis
samesthiné.

23 Kowé bakal ngerti yèn apa sing
Daktindakaké kuwi adil. Mengkono
pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa."
15 1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Hé wong apes, apa kaluwihané wit
anggur yèn katandhing karo wit liya?
3 Apa kayuné kena dienggo gawé
dandanan, utawa kanggo gawé
canthèlan kanggo nyanthèlaké barang-
barang?
4 Apa ora mung becik kanggo dadèn
geni. Yèn bongkot lan pucuké wis kobong
entèk mangka sing tengah geseng, kena
dipèk gawéné apa?
5 Rak wis ora ana gawéné, senajan
durung diobong. Mangka sawisé kobong
lan geseng saya olèhé ora kanggo
nggawé!"
6 Mengkéné pangandikané Pangéran
Kang Mahakwasa, "Kaya wit anggur
sing dijupuk saka alas banjur kaobong,
kaya mengkono Aku bakal mundhut
wong-wong ing Yérusalèm,
7 sing bakal Dakukum. Wis oncat saka
geni sing siji, saiki bakal kaobong ing
geni sijiné. Mengkono enggon-Ku bakal

ngukum wong-wong mau, supaya kowé
ngerti yèn Aku iki Pangéran.
8 Sarèhné ora setya marang Aku,
mulané tanah iki bakal Dakdadèkaké
ara-ara samun. Mengkono pangandikané
Pangéran Kang Mahakwasa."

16

1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Hé wong apes, tuduhna marang
Yérusalèm penggawé-penggawéné sing
nistha."
3 Kandhakna apa sing dingandikakaké
déning Pangéran marang wong-wong
kuwi, "Kowé padha kalairaké ana ing
tanah Kenaan. Bapakmu wong Amori lan
biyungmu wong Hèti.
4 Nalika kowé lair ora ana sing ngethok
tali pusermu utawa ngedusi kowé utawa
nggosok kowé nganggo uyah utawa
nggedhong kowé nganggo popok.
5 Ora ana wong sing mesakaké karo
kowé lan gelem ngupakara kowé
kaya mengkono. Nalika kowé lair ora
ana wong sing nresnani kowé. Kowé
dibuwang ana ing ara-ara.
6 Nalika Aku tindak langkung ing kono
Aku pirsa enggonmu kroncalan karo

kebak getih. Senajan kowé gubras getih
Aku ora négakaké kowé mati.
7 Kowé Dakgawé urip kaya tanduran
sing seger. Kowé dadi gedhé lan rosa,
dadi prawan. Payudaramu nengsemaké,
rambutmu dadi dawa, nanging kowé
wuda blejed.
8 Bareng Aku liwat ing kono menèh,
Daksawang-sawang wis tekan wektuné
kowé birai. Awakmu banjur Dakkemuli
nganggo ageman-Ku lan Aku janji
yèn kowé bakal Dakpundhut garwa.
Aku gawé prejanjian nikah karo
kowé, lan kowé nuli dadi garwa-Ku.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa.
9 Kowé banjur Dakedusi nganggo
banyu, getihmu Dakresiki lan kulitmu
Dakborèhi nganggo lenga zaitun.
10 Kowé banjur Dakenggoni sandhangan
bordiran lan sandhal kulit sing becik
dhéwé, kudhung sirah saka léna alus,
lan sléndhang sutra.
11 Kowé uga Dakenggoni hiasan
permata, gelang lan kalung,
12 ali-ali irung, anting-anting lan
cundhuk mentul.

13 Kowé nganggo hiasan emas lan slaka
lan selawasé nganggo léna alus réndan
lan sutra. Panganmu roti kagawé saka
glepung gandum sing becik dhéwé,
kokpangan karo madu lan lenga zaitun.
Rupamu ayu banget, kowé presasat ratu.
14 Kowé kondhang ing antarané para
bangsa, merga saka ayumu, sebab
Aku piyambak sing ndadèkaké kowé
ayu banget. Mengkono pangandikané
Pangéran."
15 "Nanging kowé ngendelaké
kaéndahaning rupamu, banjur dadi
sundel, awor turu karo angger wong sing
liwat.
16 Sandhanganmu ana sing kokjupuk
kokpasang ing panggonanmu nyembah
brahala. Lan presis kaya carané sundel,
kowé ngedol awakmu marang angger
wong.
17 Hiasan slaka lan emas paringan-Ku
kokenggo gawé reca lanang, sing banjur
kokajak nyundel.
18 Sandhanganmu mori alus réndan
saka Aku, kokenggokaké reca mau.
Kowé banjur ngobong dupa karo gawé
kurban lenga zaitun paringan-Ku.

19 Kowé Dakparingi pangan gandum,
lenga zaitun lan madu, nanging
peparing-Ku mau kokenggo gawé kurban
supaya kowé olèh sihé brahala-brahala."
Mengkono pangandikané Pangéran.
20 "Sawisé mengkono kowé banjur
njupuk anakmu lanang lan wadon
peparing-Ku, kokgawé kurban marang
brahala-brahala. Apa tindakmu sing
nistha mau durung cukup,
21 déné kowé iya banjur nyembelèh
para putra-Ku, kokgawé kurban obongan
kanggo brahala-brahala mau?
22 Sajroné nindakaké penggawému sing
nistha dadi sundel kowé ora tau ngélingi
nalika enommu, yakuwi nalika kowé isih
wuda blejed lan kroncalan gubras getih."
23 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné marang aku kanggo
Yérusalèm, "Cilaka kowé, cilaka! Kowé
wis nglakoni sakèhé kanisthan mau,
banjur
24 gawé panggonan panyembahing
brahala lan nyundel ana ing pinggir-
pinggir dalan.
25 Nganggo cara mengkono kowé
nyèrèd éndahing rupamu ana ing
lendhut. Kowé nawakaké awakmu

marang angger wong sing liwat, lan
saben dina saya banget enggonmu
nyundel.
26 Tangga-tanggamu wong Mesir sing
gedhé nepsuné kokajak turu bareng, lan
srana tumindakmu mau gawé gerahing
penggalih-Ku.
27 Saiki asta-Ku Dakacungaké merga
kowé bakal Dakukum. Sakèhé peparing-
Ku bakal Dakpundhut bali saka kowé.
Kowé wis Dakulungaké ing tangané
wong Filistin sing sengit karo kowé, sing
rumangsa jijik ndeleng pratingkahmu
sing nistha mau.
28 Sarèhné ora marem karo brahala siji,
kowé banjur mlayoni wong Asyur. Kowé
banjur nyundel karo déwané wong Asyur
mau. Nanging kowé iya ora marem
menèh.
29 Mulané kowé banjur nyundel karo
para déwané wong Babil, bangsa sing
laku dagang, nanging karo kuwi kowé
iya ora marem."
30 Mengkéné pangandikané Pangéran
Kang Mahakwasa, "Penggawému kuwi
kabèh kaya carané sundel sing ora idhep
isin.

31 Ana ing saben dalan kowé ngedegaké
panggonan kanggo nyembah brahala,
lan kowé banjur nyundel ana ing kono.
Kowé ora mburu dhuwit kaya lumrahé
sundel.
32 Kowé kaya wong wadon sing senengé
nyundel karo wong liya, ketimbang karo
nresnani bojoné dhéwé.
33 Sundel mono niyat golèk opah,
nanging kowé nyundel ora njaluk
bayaran, malah ngulemi angger wong
saka ngendi waé kokajak turu karo
kowé.
34 Kowé pancèn sundel istiméwa. Ora
ana sing meksa kowé dadi sundel.
Kowé ora nampa opah, malah kowé
sing ngopahi wong sing nyundel karo
kowé. Kowé pancèn ora padha karo
sundel-sundel liyané!"
35 Mulané, Yérusalèm, hé sundel,
rungokna pangandikané Pangéran
marang kowé,
36 "Ing sarèhné kowé wis nyopoti
sandhanganmu lan kaya sundel sing
ngedol awakmu dhéwé marang angger
wong lan marang brahala-brahala
sing njijiki, sarta wis matèni anak-

anakmu kokenggo kurban marang
déwa-déwamu,
37 mulané Aku bakal nglumpukaké
tilas dhemenanmu, ya sing kokdhemeni
lan sing koksengiti. Kuwi kabèh bakal
Daktekakaké ngepung kowé. Sawisé
mengkono kowé bakal Dakwudani,
supaya wong mau kabèh weruh kowé
wuda blejed.
38 Kowé bakal Dakukum merga
enggonmu nyembah brahala lan merga
enggonmu matèni anak-anakmu. Kowé
bakal Dakukum pati sajroning duka-Ku.
39 Kowé bakal Dakulungaké ing
pangwasané wong-wong mau, lan
wong-wong mau bakal nggempur
panggonan-panggonan sing kokenggo
nyundel lan nyembah marang brahala-
brahala. Sandhanganmu bakal dijupuki,
semono uga hiasanmu, lan sawisé
diblèjèdi kowé bakal ditinggal lunga.
40 Sawisé mengkono banjur bakal padha
ngojok-ojoki wong supaya mbenturi
kowé nganggo watu. Awakmu bakal
diiris-iris nganggo pedhang.
41 Omah-omahmu bakal diobong
tapis, sarta para wong wadon bakal
diklumpukaké ndeleng enggonmu

diukum. Nganggo cara mengkono
enggon-Ku bakal nglèrèni penggawému
sing nistha lan opahé kanisthanmu bakal
ora kokwènèhaké menèh.
42 Mula duka-Ku bakal lilih lan
penggalih-Ku lerem menèh. Aku bakal
ora duka lan ora cemburu menèh.
43 Kowé wis lali enggon-Ku ngrumati
kowé dhèk isih cilik, lan ndadèkaké
duka-Ku srana penggawé-penggawému
sing nistha. Kuwi sing marakaké kowé
Dakwales. Yagéné kowé ora mung
nindakaké prekara sing nistha, nanging
uga nyundel? Mengkono pangandikané
Pangéran."
44 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wong bakal ngunèni kowé, Yérusalèm:
‘Biyungé mengkono, anaké wadon ya
mengkono.’
45 Kowé pancèn plek kaya biyungmu.
Biyungmu ninggal bojo lan anak-anaké.
Kowé kaya mbakyu-mbakyumu, sing
sengit marang bojoné lan anak-anaké.
Kowé lan mbakyu-mbakyumu sakutha
kuwi biyungé wong Hèti lan bapakné
wong Amori.
46 Mbakyumu mbarep Samaria, ing sisih
Lor, sing padha manggon ing désa-désa.

Adhimu ragil sing padha manggon ing
désa-désa kuwi Sodom, ing sisih Kidul.
47 Apa maksudmu arep niru kelakuané
sedulur-sedulurmu lan niru penggawéné
sing njijiki? Ora, senajan enggonmu
nglakoni kanisthan lagi sedhéla,
éwasemono pialamu ing sedhéngah
prekara wis ngungkuli kanisthané
sedulur-sedulurmu kabèh.
48 Demi Aku kang gesang, mengkono
pangandikané Allah, sedulur Sodom
lan désa-désa ing sakubengé durung
tau nglakoni piala kaya sing koklakoni,
semono uga désa-désa ing sakubengé
kéné.
49 Wong-wong mau lan anak-anaké
wadon padha marem merga padha
mubra-mubru lan uripé ayem-tentrem.
Mung padha ora maèlu karo wong miskin
lan sing padha kecingkrangan.
50 Padha angkuh lan wangkot atiné
sarta nglakoni prekara-prekara
sing Daksengiti. Mulané kaya sing
koksumurupi, padha Daktumpes.
51 Dosané Samaria kuwi ora ana
separoné dosamu. Penggawému
sing njijiki ngungkuli Samaria. Yèn
katandhing karo kebobrokanmu,

sedulur-sedulurmu wadon mau katon
kaya wong sing ora kaluputan.
52 Nanging saiki kowé kudu mikul
kanisthanmu. Dosa-dosamu semono
gedhéné, mula yèn katandhing karo
sedulur-sedulurmu, dosané sedulur-
sedulurmu kuwi presasat dudu apa-apa.
Mulané isina lan rasakna wirangmu,
merga yèn jèjèr karo kowé sedulur-
sedulurmu mau katon ora duwé
kaluputan."
53 Pangandikané Pangéran kanggo
Yérusalèm mengkéné, "Sodom lan
désa-désané, semono uga Samaria lan
désa-désané bakal Dakgawé makmur
menèh. Kowé uga bakal kerta-raharja.
54 Kowé bakal isin karo awakmu dhéwé,
lan wirangmu bakal ngungkuli para
sedulurmu wadon.
55 Sedulurmu bakal makmur menèh,
semono uga kowé lan désa-désamu.
56 Nalika kowé rumangsa begja, Sodom
kokpoyoki,
57 yakuwi sadurungé pialamu konangan.
Nanging saiki kaananmu ora béda karo
wong-wong mau. Saiki kowé dadi
poyokané wong Édom, wong Filistin lan

tangga-tanggamu liyané, sing padha
sengit karo kowé.
58 Saiki kowé kudu mikul kanisthan
enggonmu nyundel lan penggawému
njijiki liya-liyané sing wis koklakoni.
Mengkono pangandikané Pangéran."
59 Pangandikané Pangéran Allah
mengkéné, "Aku bakal males kowé
timbang karo sing koklakoni, merga
kowé nganggep sepi prejanjianmu karo
Aku, malah wis koklanggar.
60 Nanging Aku bakal netepi prejanjian
sing Dakgawé karo kowé, nalika kowé
isih nom. Lan Aku bakal gawé prejanjian
langgeng karo kowé.
61 Kowé bakal kèlingan karo
penggawému lan bakal isin yèn
ketemu menèh karo mbakyumu
lan adhimu wadon. Prejanjian mau
bakal Dakdadèkaké kaya adhimu
wadon, senajan iki ora klebu ana ing
prejanjian-Ku karo kowé.
62 Prejanjian-Ku karo kowé bakal
Dakanyaraké, lan kowé bakal ngerti yèn
Aku iki Pangéran Allah.
63 Sakèhé dosamu bakal Dakapura,
nanging kowé bakal tansah kèlingan
lan krasa isin nganti ora wani kandha

apa-apa. Mengkono pangandikané Pangéran."

17

1 Pangandikané Pangéran marang aku mengkéné,

2 "Hé wong apes, wong Israèl padha critanana pasemon,

3 supaya ngerti apa sing arep Dakngandikakaké marang wong-wong mau. Aku, Pangéran Allah ngandika mengkéné, ‘Ana manuk garudha gedhé banget. Wuluné éndah lan swiwiné yèn megar amba banget. Manuk garudha mau mabur menyang pegunungan Libanon, nyoklèk pucuké wit èrès,

4 digawa mabur menyang sawijining negarané wong dagang, didokokaké ana ing kuthané.

5 Garudha mau iya njupuk tanduran isih nom saka tanah Israèl, banjur ditandur ana ing palemahan sing subur, sing akèh banyuné, supaya bisa tuwuh.

6 Tanduran mau tuwuh, banjur dadi wit anggur sing cendhèk lan ngrembuyung mrambat mrana-mréné. Pang-pangé mrambat munggah marani manuk garudha, lan oyodé tumancep jero ana ing lemah. Anggur mau kebak godhong lan pang.’

7 Banjur ana manuk garudha liyané,
iya gedhé banget, swiwiné amba banget
lan wuluné éndah. Anggur mau uga
banjur mrambat marani garudha, kanthi
pengarep-arep supaya olèh banyu luwih
akèh ketimbang karo sing ana ing
palemahan sing dienggoni.
8 Nanging anggur mau wis ditandur ana
ing palemahan sing subur, sing akèh
banyuné, mula anggur mau bakal bisa
tuwuh lan metokaké anggur akèh sing
becik-becik.
9 Saiki Aku, Pangéran Allah, mundhut
pirsa, ‛Apa anggur kuwi bakal tuwuh
lan lestari urip? Apa garudha sing
kapisan mau ora bakal mbedhol anggur
mau saoyod-oyodé, nugeli pang-pangé
nganti anggur mau banjur mati
garing? Kanggoné bangsa sing gedhé
pangwasané rak mung prekara sepélé
yèn arep mbedhol wit anggur mau.
10 Pancèn anggur mau ditandur, nanging
apa bakal tuwuh lan lestari urip? Apa ora
bakal alum samasa keterak angin saka
Wétan? Apa bakal ora garing sanalika?’"
11 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné,

12 "Takona karo para wong mbangkang
kuwi, apa ngerti tegesé pasemon mau?
Kandhanana yèn raja ing Babil bakal
teka ing Yérusalèm lan nawan Sang
Prabu sarta para pegawéné kagawa
menyang tanah Babil.
13 Raja Babil mau bakal milih wargané
kraton salah siji, banjur gawé prejanjian
karo Raja Babil mau, dikon sumpah
setya marang Babil. Para penggedhé
sing penting bakal dienggo jaminan,
14 supaya bangsa mau ora brontak
menèh, lan iya kanggo jaminan yèn
prejanjian mau bakal ditetepi.
15 Nanging raja Yéhuda nglawan lan
kirim utusan menyang tanah Mesir
supaya olèh jaran lan tentara akèh.
Apa bakal olèh gawé? Apa kekarepané
sing mengkono mau bisa kelakon? Yèn
dhèwèké nerak prejanjiané apa ora bakal
diukum?
16 Demi Aku, Allah kang gesang,
mengkono pangandikané Pangéran
Allah, raja iki bakal mati ana ing tanah
Babil merga wis nerak sumpahé lan
prejanjian sing digawé karo raja Babil,
sing ndadèkaké dhèwèké dadi raja.

17 Dalah raja ing Mesir karo tentarané
sing ampuh pisan bakal ora bisa
mitulungi, samasa wong Babil teka
gawé tanggul lan ndhudhuk kalèn-kalèn
kanggo matèni wong akèh.
18 Raja mau wis nglanggar sumpahé lan
nerak prejanjiané. Sarèhné wis nglakoni
sing mengkono mau, saiki bakal ora bisa
oncat."
19 Pangandikané Pangéran Allah
mengkéné, "Demi Aku Allah kang
gesang, raja mau bakal Dakukum merga
wis nerak prejanjian sing dikuwataké
nganggo sumpah ana ing ngarsa-Ku.
20 Aku bakal masang kala jiret lan
nyekel wong mau. Bakal Dakgawa
menyang tanah Babil lan ana ing kana
bakal Dakukum, merga wong kuwi ora
setya marang Aku.
21 Prejurité sing peng-pengan dhéwé
bakal mati ana ing peprangan, lan
kekarèné sing urip bakal Dakbuyaraké
ing kéblat papat, nganti kowé bakal
ngerti yèn Aku iki Pangéran Allah.
Mengkono pangandikané Pangéran."
22 Pangandikané Pangéran Allah
mengkéné, "Aku bakal nyempal pucuké
wit èrès lan nugel pang sing lagi trubus.

Bakal Daktandur ana ing gunung sing
dhuwur.
23 Gunungé Israèl sing dhuwur dhéwé.
Tanduran mau bakal metokaké pang
lan wiji, lan dadi wit èrès sing gedhé
paédahé. Manuk-manuk rupa-rupa
bakal nusuh ana ing kono, sarta
olèh pangéyuban ana ing sangisoring
pang-pangé.
24 Sakèhé wit sing ana ing tanah kono
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.
Aku sing negor wit-wit gedhé, lan
ndadèkaké wit-wit sing cilik dadi
gedhé. Wit sing ijo royo-royo Dakgawé
alum, lan wit alum Dakdadèkaké ijo
royo-royo. Aku Pangéran sing ngandika
mengkono. Aku bakal nindakaké apa
sing Dakdhawuhaké."

18 1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Yagéné wong-wong ing tanah Israèl
gawéné ngucapaké pasemon sing
mengkéné: ‘Para bapa padha mangan
woh mentah, untuné anak-anaké padha
dadi linu.’
3 Demi gesang-Ku, pasemon kuwi bakal
ora kocap menèh ana ing Israèl.

4 Uripé saben wong kuwi kagungan-Ku,
uripé bapa semono uga uripé anak. Déné
wong sing nglakoni dosa kuwi sing kudu
mati.
5 Yèn ana wong mursid sing lakuné
bener lan becik,
6 mangka ora nyembah brahalané wong
Israèl utawa mangan sesajèn ana ing
candhi-candhi, ora ngrusuhi bojoné
pepadhané lan ora turu karo wong
wadon sing lagi nggarap sari,
7 ora nindhes wong liya, mbalèkaké
gadhèné wong, ora ngrampas apa-apa,
awèh mangan wong luwé, awèh
sandhangan marang wong kewudan,
8 ora nganakaké dhuwit nganggo
anakan akèh, ngedohi laku culika
lan gawé putusan sing adil ana ing
pirembugan,
9 wong sing mengkono mau mbangun-
turut marang dhawuh-Ku lan netepi
préntah-Ku temenan, wong kuwi bakal
urip.
10 Nanging yèn wong mau duwé anak
lanang sing ngrampog lan matèni
wong utawa nglakoni salah sawijining
penggawé sing kaya mengkono,

11 (kang ora tau dilakoni déning
bapakné) sarta mangan sajèn ana ing
candhi-candhi, lan ngrusuhi bojoné
pepadhané,
12 seneng ngapusi wong mlarat,
ngrampas, ora mbalèkaké gadhèné
wong, ziarah menyang candhi-candhiné
wong kapir, nyembah brahala nistha,
13 nganakaké dhuwit nganggo anakan
akèh, apa wong sing mengkono mau
bakal urip? Mesthi ora! Wong mau wis
nglakoni prekara-prekara sing nistha,
mulané kudu mati. Patiné merga saka
pialané dhéwé.
14 Yèn wong mau duwé anak lanang
liyané, lan weruh dosa-dosa sing dilakoni
déning bapakné, nanging ora kèlu
nglakoni dosa-dosa mau,
15 ora mèlu nyembah brahalané wong
Israèl utawa mangan sesajèné brahala
ana ing candhi-candhi, ora ngrusuhi
bojoné pepadhané,
16 ora nindhes wong mlarat utawa
ngrampas barangé wong, mbalèkaké
gadhèné wong, awèh mangan marang
wong sing keluwèn lan sandhangan
marang wong sing kewudan,

[17] nampik nglakoni piala lan ora
nganakaké dhuwit nganggo anakan
akèh, sarta netepi dhawuh-Ku temenan,
wong mau bakal ora mati merga déning
dosané bapakné, wong mau mesthi
bakal urip.
[18] Nanging bapakné sing gawéné
nindhes, ngrampas, lan nglakoni
bab-bab sing ora becik, kuwi bakal mati
merga saka kaluputané.
[19] Saiki kowé takon, apa sebabé
anak ora diukum merga saka dosané
bapakné? Wangsulané, merga si anak
nindakaké sing bener lan becik, netepi
dhawuh-Ku temenan lan tliti, mulané
mesthi bakal urip.
[20] Wong sing nglakoni dosa kuwi sing
kudu mati. Anak ora mikul dosa-dosané
bapakné lan bapak ora mikul dosa-
dosané anaké. Wong becik bakal nampa
ganjaran merga saka kabecikan sing
dilakoni, lan wong ala bakal nampa
paukuman asilé piala sing dilakoni.
[21] Yèn wong ala mari enggoné
nindakaké piala, banjur netepi dhawuh-
Ku, sarta nindakaké kabeneran lan
kabecikan mesthi bakal ora mati,
nanging bakal urip.

22 Sakèhé dosané bakal diapura lan
wong mau mesthi bakal urip.
23 Apa Aku rena mirsani patiné wong
ala? Ora! Nanging Dakarep-arep supaya
mratobat!
24 Nanging wong becik sing mari olèhé
nindakaké kabecikan, malah banjur
nindakaké piala, sakèhé kabecikan sing
wis dilakoni bakal ora dianggep, wong
kuwi kudu mati merga saka enggoné ora
setya lan merga saka dosa-dosané.
25 Ana wong sing muni, ‘Pendamelé
Pangéran kuwi ora adil.’ Rungokna, hé
wong Israèl. Sing ora bener kuwi Aku
apa kowé?
26 Yèn wong mursid ninggal
kamursidané, banjur nglakoni piala sarta
mati, kuwi mati merga saka dosa sing
dilakoni.
27 Yèn wong ala ninggal lakuné sing ala,
sarta nglakoni sing bener lan becik, kuwi
nylametaké uripé.
28 Wong mau krasa yèn sing dilakoni
mau ora bener, banjur marèni tindaké
sing ala, wong kuwi mesthi bakal ora
mati, bakal lestari urip.

29 Éwadéné kowé wong Israèl padha
muni, ‘Tumindaké Pangéran kuwi ora
adil.’" Sing ora adil kuwi Aku apa kowé?
30 "Aku Pangéran Allah ngandika
yèn bakal ngadili kowé siji-siji manut
penggawému dhéwé-dhéwé. Padha
mratobata saka dosa-dosamu supaya
kowé ora ditumpes merga saka dosamu.
31 Buwangen piala sing koklakoni, lan
anyarna ati lan pikiranmu.
32 Gusti Allah ora ngersakaké wong
Israèl padha mati? Mula padha
mratobata, supaya kowé urip! Mengkono
pangandikané Pangéran Allah."

19 1 Aku didhawuhi Gusti Allah
nglagokaké kidung kasangsaran
kanggo putra raja loro ing Israèl:
2 "Keng ibu menika presasat singa
èstri ingkang nesepi anak-anakipun,
wonten ing antawisipun singa-singa jaler
ingkang rosa.
3 Anakipun setunggal dipun opèni lan
dipun ajari pados tedha; ngantos saged
mangsa manungsa.
4 Para bangsa sareng mireng bab
menika lajeng masang kala ing
luwangan, kelampahan kénging. Singa

wau lajeng dipun entas, kabekta dhateng
tanah Mesir.
5 Singa èstri sareng ngertos sampun
mboten wonten pengajeng-ajeng malih,
lajeng ngopèni anak sanèsipun, ngantos
singa nèm wau inggih dados ageng lan
rosa.
6 Sareng dados singa diwasa, singa
wau nglembara pados mangsan kaliyan
sing sanès-sanèsipun. Singa nèm wau
inggih ajar nubruk malah lajeng mangsa
manungsa.
7 Bètèng-bètèng dipun risak, kitha-kitha
dipun obrak-abrik. Tiyang sabangsa sami
gemeter samasa mireng panggeronipun.
8 Bangsa-bangsa lajeng nglempak
badhé nglawan singa nèm wau; tiyang
saking pundi-pundi sami dhateng. Sami
masang jaring, wusana singa wau
kecepeng.
9 Singa nèm wau kalebetaken ing
kurungan, sarta kabekta dhateng
Babil. Dipun jagi, mila ngantos mboten
kepireng malih wonten ing paredèn
Israèl.
10 Keng ibu menika presasat wit anggur,
ingkang katanem ing sacelaking lèpèn.
Sarèhné ing ngriku kathah toyanipun,

mila anggur wau ngedalaken ron lan woh
kathah.
11 Pang-pangipun ageng lan rosa,
sarta tuwuh kados badhé dados teken
keprabon. Anggur wau tuwuh dados
inggil ngantos sundhul ing méga. Saben
tiyang sumerep ngrembuyung lan ageng
inggil.
12 Nanging wonten tangan-tangan
ingkang mbedhol wit wau saoyodipun,
lajeng kabucal. Ngantos wohipun dados
garing margi wonten angin saking
Wétan. Pang-pangipun sami coklèk
dados garing lajeng kabesmi.
13 Samenika wit anggur wau katanem
ing ara-ara samun, ing pasitèn garing
ingkang mboten wonten toyanipun.
14 Wit anggur wau kamangsa déning
latu, ingkang ugi mangsa pang-pang lan
wohipun. Pang-pang wau mboten badhé
dados kiyat malih, lan mboten saged
kadamel teken keprabon." Mengkono
mau uniné kidung kasangsaran, sing
saben-saben dilagokaké.

20 1 Nalika enggonku padha ana ing
pembuwangan nyandhak pitung
taun ing sasi kalima, tanggal kaping
sepuluh, ana pemimpiné masarakat

Israèl sawetara padha takon karo aku
bab kersané Pangéran, karo lungguh ana
ing ngarepku.
2 Pangéran banjur ngandikani aku,
3 "Hé wong apes, kandhakna karo wong-
wong kuwi lan lantarna pangandika-Ku
mengkéné, ‘Tekamu padha arep takon
bab kersa-Ku? Demi gesang-Ku, kowé
bakal ora Dakwangsuli. Mengkono
pangandikané Pangéran.’"
4 "Apa kowé wis siap ngadili wong-wong
kuwi, hé wong apes? Kandhakna! Padha
élingna karo prekara-prekara nistha sing
ditindakaké déning para leluhuré.
5 Kandhakna apa sing
Dakngandikakaké. Nalika Israèl
Dakpilih, Aku janji karo wong-wong
kuwi. Aku ngetingal ana ing Mesir
lan Dakngandikani, ‘Aku iki Pangéran
Allahmu!’
6 Nalika semono Aku janji arep mbekta
wong-wong mau metu saka tanah
Mesir, lan Dakirid menyang tanah sing
Dakcawisaké, tanah gemah ripah loh
jinawi, tanah sing apik dhéwé.
7 Padha Dakkandhani supaya mbuwang
brahala-brahala sing padha disenengi,
supaya aja padha najisaké awaké dhéwé

karo brahala-brahala Mesir sing ora
teges kuwi, merga Aku iki Pangéran
Allahé.
8 Nanging padha ngrèmèhaké Aku
lan ora nggugu karo pangandika-Ku.
Brahala-brahalané sing njijiki ora
dibuwangi, mengkono uga ora marèni
enggoné nyembah brahala-brahalané
wong Mesir. Aku wis ngrancang
ngesokaké duka-Ku sakatogé ana ing
tanah Mesir kono.
9 Nanging kersa-Ku Dakpenggak
piyambak, supaya asma-Ku ora
dicecamah ing ngarepé bangsa-
bangsa sing dienggoni, sebab Aku wis
ngumumaké yèn Israèl bakal Dakirid
metu saka tanah Mesir.
10 Dadi bangsa Israèl Dakbekta metu
saka tanah Mesir menyang segara wedhi.
11 Ana ing kana padha Dakparingi
dhawuh-Ku lan Dakwulang bab
prenatan-prenatan sing dadi marganing
urip, kanggoné wong sing netepi.
12 Aku maringaké dina Sabbat supaya
padha ditetepi, kanggo pretandha
enggoné padha netepi prejanjiané
karo Aku, kanggo ngélingaké yèn Aku,

Pangéran, milih wong-wong mau dadi
umat-Ku.
13 Nanging nalika isih ana ing
segara wedhi kono, wis nantang Aku.
Prenatan-prenatan-Ku diterak lan
dhawuh-dhawuh-Ku sing dadi marganing
urip kanggo wong sing netepi, ditampik.
Dina Sabbat padha ora disucèkaké
babar-pisan. Aku ngrancang arep
ngesokaké paukuman-Ku sakatogé
marang wong-wong mau ana ing segara
wedhi kono supaya tumpes kabèh.
14 Nanging duka-Ku Dakampet, supaya
Aku aja dirèmèhaké déning bangsa-
bangsa sing padha nyipati enggon-Ku
ngirid Israèl saka ing Mesir.
15 Ana ing ara-ara samun kono Aku
sumpah yèn wong-wong mau bakal ora
mlebu ing tanah sing Dakparingaké,
tanah sing gemah ripah loh jinawi, ora
ana sing ngungkuli beciké.
16 Enggon-Ku sumpah mengkono
mau merga wong-wong kuwi padha
nampik dhawuh-dhawuh-Ku, nerak
prenatan-prenatan-Ku lan najisaké
dina Sabbat-Ku, merga luwih seneng
nyembah brahala-brahalané.

17 Nanging Aku banjur runtuh welas-Ku,
nganti ora Daksirnakaké ana ing ara-ara
samun.
18 Malah wong nom-nom padha
Dakélingaké, ‘Lakumu aja padha manut
prenatané leluhurmu, aja ngenut adat
tata-carané utawa najisaké awakmu
srana nyembah brahala-brahalané.
19 Aku iki Pangéran Allahmu. Netepana
prenatan-prenatan lan dhawuh-dhawuh-
Ku.
20 Dina Sabbat kuwi sucèkna, sebab
Sabbat kuwi dadi tandhané prejanjian
sing ana ing antara-Ku lan kowé, kanggo
ngélingaké marang kowé yèn Aku iki
Pangéran Allahmu.’
21 Nanging wong-wong mau padha
nantang Aku. Prenatan-prenatan-Ku
padha diterak, dhawuh-dhawuh-Ku sing
njaga keslametané ora padha ditetepi.
Dina Sabbat-Ku padha dinajisaké. Aku
wis ngrancang arep numpes wong-wong
mau kabèh ana ing ara-ara samun.
22 Nanging duka-Ku mau Dakampet,
merga bakal marakaké asma-Ku
dirèmèhaké déning bangsa-bangsa sing
padha weruh enggon-Ku ngirid bangsa
Israèl metu saka tanah Mesir.

23 Aku banjur gawé prejanjian menèh ana ing segara wedhi. Aku sumpah yèn bangsa mau bakal Dakbuyaraké ana ing salumahing bumi.
24 Merga bangsa kuwi nampik dhawuh-dhawuh-Ku, nerak prenatan-Ku, najisaké Sabbat-Ku lan nyembah brahala sing disembah déning para leluhuré.
25 Banjur padha Dakparingi prenatan-prenatan sing ora becik lan dhawuh-dhawuh sing ora njalari urip.
26 Wong-wong mau Daktogaké dadi najis saka enggoné sesaji, lan Daktogaké ngurbanaké anaké pembarep. Kuwi cara-Ku ngukum bangsa mau, supaya ngerti yèn Aku iki Pangéran.
27 Saiki, hé wong apes, kandhaa karo wong Israèl, Aku Pangéran Allah ngandika mengkéné, ‘Mengkéné carané para leluhuré enggoné ngina lan nyingkur Aku.
28 Wong-wong kuwi padha Dakirid menyang tanah sing Dakjanjèkaké arep Dakparingaké. Bareng padha weruh pegunungan lan wit-witan sing ngrembuyung ijo banjur padha gawé kurban ana ing kono. Wong-wong mau padha njalari duka-Ku srana enggoné

padha gawé kurban obongan lan kurban anggur.'

29 Padha Dakdangu, 'Punthuk-punthuk sing padha kokunggahi kuwi kokenggo apa?' Wiwit nalika semana panggonan-panggonan mau disebut 'Punthuk'.

30 Saiki wong Israèl padha kandhanana, 'Aku, Pangéran Allah ngandika mengkéné: Yagéné kowé nglakoni dosa padha karo sing dilakoni déning para leluhurmu, ngetutburi brahala-brahala?

31 Tekan sepréné kowé padha gawé kurban kaya sing dilakoni déning para leluhurmu, lan najisaké awakmu srana nyembelèh lan ngobong anak-anakmu dadi kurban marang brahala-brahala. Senajan mengkono kowé wong Israèl isih padha teka lan takon bab kersa-Ku! Demi gesang-Ku, Pangéran Allah, kowé bakal ora takon apa-apa menèh marang Aku.

32 Kowé wis gawé putusan ing atimu kepéngin padha karo bangsa-bangsa liyané, kaya umat sing kokpondhoki ing manca negara, sing padha nyembah wit lan watu. Nanging kuwi ora bakal kelakon.'"

33 "Demi gesang-Ku, Pangéran Allah,
sajroning mulading duka-Ku Aku bakal
ngerèh kowé nganggo pangwasa,
nganggo kasektèn-Ku.
34 Aku bakal ngetingalaké kasektèn-
Ku lan paukuman-Ku samasa Aku
wis nglumpukaké kowé bali saka
tanah-tanah manca panggonanmu
kasebar.
35 Kowé bakal Dakbekta ana ing
‘Pasamuwané Para Bangsa’ lan ana ing
kana kowé bakal Dakukum adu-arep
karo Aku.
36 Saiki kowé bakal mung Dakukum
kaya enggon-Ku ngukum para leluhurmu
ana ing segara wedhi Sinai. Mengkono
pangandikané Pangéran Allah.
37 Saiki kowé bakal Dakerèh lan
Dakgawé netepi prejanjian-Ku.
38 Wong ing antaramu sing nglawan
lan kebak dosa bakal Daksingkiraké.
Wong-wong kuwi bakal Daksingkiraké
saka tanah-tanah sing saiki dienggoni,
nanging bakal ora Dakbalèkaké menyang
tanah Israèl. Nganti kowé bakal ngerti
yèn Aku iki Pangéran."
39 Pangandikané Pangéran Allah
mengkéné, "Saikiné hé wong Israèl

kabèh, padha kepénakna awakmu!
Padha terus-terusna enggonmu
nyembah brahala! Nanging ngertia yèn
sawisé iki kowé kudu manut karo Aku
lan marèni enggonmu najisaké asma-Ku
kang suci, srana gawé kurban marang
brahala-brahalamu.
40 Ana ing tanah kana, ana ing gunung-
Ku kang suci, gunungé Israèl sing
dhuwur, kowé umat Israèl kabèh bakal
padha nyembah sujud marang Aku.
Aku bakal nampa kowé lan ngarep-arep
kurban sesaosanmu, sesajènmu sing
becik dhéwé lan sesaosanmu sing suci.
41 Sawisé kowé Dakirid metu saka
tanah-tanah panggonanmu kasebar
sarta Dakklumpukaké dadi siji, Aku bakal
kersa nampi kurban-kurban obongan
sing koksaosaké, lan para bangsa bakal
padha ngerti yèn Aku iki suci.
42 Menawa kowé wis Dakbalèkaké
menyang tanah Israèl menèh, tanah
sing wis Dakjanjèkaké marang para
leluhurmu dadi tanah pusakané, kowé
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.
43 Kowé bakal kèlingan karo sakèhé
prekara sing gawé wirangmu lan
prekara-prekara sing gawé najisé

awakmu. Kowé bakal éwa karo awakmu
dhéwé merga sakèhing piala sing wis
koklakoni.
44 Hé umat Israèl, padha ngertia yèn
enggon-Ku ora males kowé timbang
karo piala sing koklakoni kuwi merga
Aku njaga kaurmatané asma-Ku dhéwé.
Mengkono pangandikané Pangéran."
45 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné,
46 "Hé wong apes, ngawasna ngidul.
Kandhaa lan medhara wangsit marang
alas-alas sing ana ing Kidul.
47 Kandhaa karo alas-alas ing
Kidul karebèn padha ngrungokaké
pangandikané Pangéran sing mengkéné,
‘Delengen! Aku nyumed geni, sing bakal
ngobong saben wit ana ing njeromu,
sing ijo lan sing garing. Ora ana sing bisa
nyirep. Geni mau bakal mrèmbèt saka
Kidul mengalor, lan saben wong bakal
ngrasakaké mulad-muladé.
48 Nganti wong kabèh padha ngerti yèn
Aku iki Pangéran sing nyumed geni mau
lan ora ana wong sing bisa nyirep.’"
49 Nanging aku munjuk, "Dhuh
Pangéran, sampun ta ndhawuhi kawula
medharaken wangsit menika! Awit saben

tiyang sami criyos bilih kula selaminipun
mboten naté terus-terang."
21 1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Hé wong apes, kandhakna karo
Yérusalèm. Kandhakna ana ing
panggonan-panggonan pangibadah.
Tanah Israèl élingna,
3 yèn Aku Pangéran ngandika
mengkéné, ‘Aku iki mungsuhmu.
Pedhang-Ku bakal Dakunus lan kowé
kabèh bakal Dakpatèni, dadia wong
becik utawa wong ala.
4 Pedhang-Ku bakal Daktamakaké
marang angger wong wiwit saka Lor
tekan Kidul.
5 Angger wong bakal ngerti yèn Aku
iki Pangéran. Pedhang-Ku wis Dakunus
lan ora bakal Dakbalèkaké ing rangkané
menèh.’
6 Hé wong apes, kowé sesambata ana
ing ngarepé wong akèh kaya wong
sing sedhih banget, sing wis ora duwé
pengarep-arep menèh.
7 Yèn kowé ditakoni, yagéné kowé
sesambat, kandhaa yèn kuwi merga ana
kabar sing mentas kokrungu. Yèn kabar
kuwi sumebar, wong kabèh bakal padha

giris, tangané bakal sèngklèh, ilang
kekuwatané lan dhengkulé théklok. Wis
tekan mangsané, malah wis kelakon.
Mengkono pangandikané Pangéran."
8 Pangandikané Pangéran mengkéné,
9 "Kandhaa, wedharna pangandika-Ku
sing Dakdhawuhaké marang kowé,
‘Pedhangé wis diasah lan digosok.
10 Diasah bakal dienggo matèni, digosok
supaya mencorong kaya kilat. Bakal
ora ana kabungahan, merga umat-Ku
nampik saben pepéling bab bakal tekané
paukuman.
11 Pedhangé wis digosok, cemawis kari
namakaké. Wis diasah lan digebeg, kari
ngulungaké ing tangané algojo sing arep
padha matèni.
12 Nangisa sing seru, kowé wong apes,
pedhang iki bakal kasabetaké marang
umat-Ku, lan marang para penggedhéné
Israèl. Kuwi kabèh bakal dipatèni bareng
karo umat-Ku sing kèri. Tebah-tebaha
dhadha nandhakaké semplahé atimu!
13 Aku arep nyoba umat-Ku, yèn padha
ora gelem mratobat nlangsani dosané,
prekara-prekara iki kabèh bakal nempuh
marang wong-wong mau.’

14 Mulané hé wong apes, keplok-
keploka, lan pedhang iki bakal mbabadi
wong-wong mau, bola-bali. Iki pedhang
sing ampuh kanggo matèni, pedhang
sing dayané nggegirisi lan sing kanggo
mutahaké getih.
15 Umat-Ku bakal ilang kekendelané,
mula bakal ambruk. Kutha-kuthané
Dakancam nganggo pedhang sing
gemebyar kaya kilat lan cemepak
kanggo mematèni.
16 Sabetna ngiwa lan nengen, hé
pedhang kang ampuh! Nyabeta, ing
ngendi waé adhepmu.
17 Aku iya bakal keplok-keplok, lan
paukuman-Ku bakal sirep. Mengkono
pangandikané Pangéran."
18 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné,
19 "Hé wong apes, nggambara dalan
loro sing bakal diliwati raja Babil sing
arep teka nggawa pedhang. Dalan
mau loro-loroné saka negara siji.
Masanga tandha-tandha ing simpangan-
simpangan saka dalan kono tekan kutha
siji-sijiné.
20 Ana dalan simpangan sing bakal
diambah raja Babil menyang Raba,

kutha-krajané Amon, lan ana dalan
simpangan menyang Yéhuda, menyang
Yérusalèm, kutha sing disentosani
nganggo bètèng.
21 Raja Babil bakal mandheg dhisik
ana ing simpangan, lan nliti dhisik
dalan sing arep diambah, nganggo
nglepasaké panah lan takon penemuné
para brahalané, mriksa jeroané kéwan
sing digawé kurban.
22 Yèn tanganė kiwa sing nyekel panah
nuding menyang Yérusalèm, kuwi
ateges yèn bakal menyang Yérusalèm,
ngedegaké menara-menara kanggo
ngepung kutha mau, ngumumaké
perang, masang dudur sing kanggo
njebol lawanging gapura, gawé tanggul,
ngedhuk kalèn kanggo amping-amping.
23 Wong-wong ing Yérusalèm bakal ora
ngandel, merga wis gawé prejanjian
damé. Nanging pamedhar wangsit iki
prelu kanggo melèhaké dosa-dosané
lan pepéling yèn wong-wong mau bakal
ditawan.
24 Mengkéné pangandikané Pangéran
Allah, ‘Dosamu wis konangan.
Angger wong wis ngerti sepira
gedhéné pialamu. Satingkah-lakumu

ngétokaké panerakmu. Paukumanmu
wis katetepaké, mulané saiki kowé
bakal Dakulungaké marang mungsuh-
mungsuhmu.’
25 Hé kowé ratuné Israèl sing ala, dina
pengapesanmu wis tekan, yakuwi dina
enggonmu bakal kasirnakaké.
26 Aku, Pangéran wis paring dhawuh.
Copoten makuthamu lan sorbanmu
singkirna. Kaananė wis malih kabèh.
Sing mlarat bakal dadi penggedhé, sing
dadi raja bakal dilèngsèr.
27 Gempuren, gempuren! Ya, kutha iki
bakal Dakdadèkaké gempuran. Nanging
kelakoné iki mengko yèn wong sing
Dakpilih ngukum kutha iki wis teka.
Kutha iki banjur bakal Dakulungaké
marang wong mau."
28 "Hé wong apes, medhara wangsit!
Wartakna pangandika-Ku kanggo
wong Amon, sing padha moyoki wong
Israèl. Munia, ‘Pedhangé wis samekta
nyirnakaké; wis digosok siap kanggo
mematèni, wis gilap kaya kilat.
29 Wahyu-wahyumu kuwi goroh, lan
ramalan-ramalané juru tenungmu kuwi
apus-apusan. Kowé kuwi wong jahat
lan wong ala. Dina paukumanmu sing

pungkasan wis teka. Pedhang-pedhang
bakal disabetaké ing gulumu.
30 Pedhangé lebokna ing rangkané
menèh! Kowé bakal Dakadili ana ing
papan panggonanmu katitahaké, ana ing
negara asalmu.
31 Aku bakal ngesokaké paukuman-Ku
marang kowé kabèh. Lan Aku bakal
ngulungaké kowé ing tangané wong sing
tegelan, wong sing ahli ngrusak.
32 Kowé bakal katumpes déning geni.
Getihmu bakal Dakwutahaké ana ing
tanahmu dhéwé, lan kowé bakal ora
diélingi menèh ing selawasé. Mengkono
pangandikané Pangéran.'"

22

1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Hé wong apes, cecawisa. Kowé bakal
ngadili kutha sing kebak tukang matèni
wong iki. Kandhanana bab sakèhé
penggawéné sing nistha."
3 Wartakna marang kutha iki yèn Aku,
Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Sarèhné kowé wis matèni
wong akèh ing tengahmu lan najisaké
awakmu merga enggonmu nyembah
brahala, mulané wis tekan mangsané
tibané paukumanmu.

4 Merga saka dosamu matèni wong
lan najisaké awakmu srana nyembah
brahala gawéané tanganmu, mulané
wis tekan mangsané kowé nampa
paukumanmu! Yakuwi sebabé kowé
Dakdadèkaké poyokan ing antarané para
bangsa lan dicecamah déning angger
wong.
5 Bangsa adoh lan cedhak padha
nyenyamah kowé merga lakumu rusuh.
6 Para penggedhé ing Israèl padha
ngendelaké kekuwatané dhéwé lan
seneng mematèni.
7 Ana ing kutha wong padha ora ngajèni
wong tuwané. Wong manca padha
kokapusi. Randha lan bocah lola padha
koktindhes.
8 Kowé padha ora ngéman karo
kasucèn-Ku, lan ora ngajèni marang dina
Sabbat.
9 Ing antaramu ana sing seneng
goroh kanggo liyan, supaya wong
kuwi kaukum pati. Ing antaramu ana
sing mangan sajèn sing disajèkaké
brahala. Ana menèh sing padha ngumbar
hawa-nepsuné.

10 Ana sing nggodha nuroni ibuné
kuwalon, ana sing ngrodha-peksa wong
wadon sing lagi nggarap sari.
11 Ana sing nylèwèng karo bojoné wong
liya, ana sing nglakoni mengkono karo
mantuné wadon, ana menèh sing nuroni
seduluré wadon tunggal bapa.
12 Ing antaramu ana sing nampani
opah kanggo matèni wong. Ana sing
nganakaké dhuwit marang pepadhané
wong Israèl, utawa golèk bathi akèh
srana nindhes pepadhané. Nanging
kowé padha ora éling karo Aku.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa.
13 Mulané asta-Ku bakal males
enggonmu ngrampog lan gawé pepati.
14 Apa kowé isih wani lan kuwat yèn wis
ngrasakaké panggebag-Ku? Mengkono
pangandika-Ku lan kuwi bakal Daktetepi.
15 Kowé bakal Dakbuyaraké ana ing
antarané para bangsa lan Daksebar
ing negara-negara, supaya lèrèna
penggawému sing ala.
16 Sabanjuré kowé bakal dianggep
najis déning para bangsa, nanging kowé
dhéwé bakal éling yèn Aku iki Pangéran."

17 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné,
18 "Hé wong apes, wong Israèl kuwi
kanggoné Aku wis ora ana gunané.
Wong-wong kuwi padha kaya regeding
logam — tembaga, timah, wesi, timah
ireng — sawisé logam mau dilebur
lan dijupuk slakané ana ing pawon
paleburan.
19 Dadi Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika marang wong Israèl, yèn
wong-wong mau ora ana gunané kanggo
Aku, kaya regeding logam mau. Wong-
wong kuwi bakal padha Dakklumpukaké
ana ing Yérusalèm,
20 ora béda karo logam slaka, tembaga,
wesi, timah ireng, lan timah putih
sing kacemplungaké ana ing pawon
paleburan. Bentèré duka-Ku bakal
nglebur wong-wong mau, kaya geni
nglebur logam.
21 Bakal padha Dakklumpukaké ana ing
Yérusalèm, banjur Dakobong, Daklebur
sajroning mulading duka-Ku.
22 Bakal padha Daklebur ana ing
Yérusalèm kaya slaka sing kalebur ing
pawon paleburan, mula bakal padha
ngrasakaké paukumané Pangéran."

23 Pangandikané Pangéran marang aku mengkéné,
24 "Hé wong apes, wong Israèl kandhanana yèn tanahé kuwi jembar, mulané bakal Daktibani paukuman-Ku.
25 Para penggedhéné presasat singa sing gero-gero karo ndekep mangsané, banjur dipatèni. Rakyaté padha dipatèni, barang-darbèké dirampas, nganti akèh wong sing dadi randha.
26 Para imam padha nerak dhawuh-Ku lan padha ora éling karo kasucèn-Ku. Padha ora mbédakaké sing suci karo sing ora suci. Padha ora mulang bédané najis lan ora najis, lan padha ora netepi dina Sabbat. Mula wong Israèl padha ora ngajèni Aku.
27 Para penggedhéné negara presasat asu ajag sing nyuwèk-nyuwèk mangsané sing wis dipatèni. Padha dhemen matèni wong, supaya bisa sugih.
28 Para imam padha ngaling-alingi dosané kaya wong sing nutupi témbok nganggo labur. Padha ngarang wahyu palsu lan ramalan apus-apusan. Padha kandha yèn medharaké pangandikané Allah, mangka sanyatané Aku, Pangéran, ora ngandika karo wong-wong mau.

29 Wong sugih padha ngapusi lan
ngrampog. Wong miskin padha
disiya-siya, lan wong manca padha
dianiaya.
30 Aku golèk wong sing bisa ngedegaké
témbok, kanggo ngganti témbok-témbok
sing wis rubuh, lan kanggo njagani
supaya tanah kéné aja sirna yèn ketekan
ing paukuman-Ku, nanging Aku ora
manggih wong sing kaya ngono.
31 Mulané Aku bakal ngesokaké duka-Ku
karebèn mulad-mulad sakatogé kanggo
numpes wong-wong mau, timbang karo
penggawéné. Mengkono pangandikané
Pangéran."

23 1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Hé wong apes, ana wong wadon loro
kakang-adhi.
3 Nalika isih nom lan manggon ing tanah
Mesir padha dadi sundel.
4 Sing tuwa jenengé Ohola (ngibarataké
Samaria), sing enom Oholiba
(ngibarataké Yérusalèm). Wong
loro mau Dakpundhut garwa lan
metokaké anak akèh.
5 Senajan wis Dakpundhut garwa,
éwasemono Ohola tetep nerusaké

enggoné nyundel, lan kepéncut karo
wong Asyur.
6 Wong Asyur mau serdhadhu-
serdhadhu sing nganggo pakéan
seragam wungu, priyayi lan perwira-
perwira sing dhuwur pangkaté. Kabèh
perwira-perwira tentara jaranan sing
bagus-bagus.
7 Ohola mau nyundel nglayani perwira-
perwira Asyur kabèh mau, lan merga
hawa-nepsuné wong mau kèlu nyembah
para brahalané wong Asyur lan srana
mengkono najisaké awaké dhéwé.
8 Dadi Ohola nerusaké enggoné dadi
sundel, sing diwiwiti nalika isih ana ing
tanah Mesir. Wiwit nalika isih prawan
wis gawéné turu karo wong lanang, sing
padha nganggep wong kuwi pancèn
sundel.
9 Wong mau banjur Dakulungaké
marang para dhemenané, yakuwi wong
Asyur, sing banget dikaremi.
10 Banjur diwudani, anaké lanang
lan wadon padha ditawan, wekasané
dipatèni nganggo pedhang. Wong wadon
ing ngendi-endi padha nyatur kaanané
Ohola mau.

11 Senajan Oholiba weruh kaanané
mbakyuné sing kaya mengkono mau,
malah saya nemen enggoné nyundel,
ngungkuli Ohola.
12 Wong mau iya gandrung karo
para priagung lan para perwira Asyur,
serdhadhu-serdhadhu sing nganggo
seragam rupa-rupa. Semono uga
gandrung karo perwira-perwira tentara
jaranan sing nom-nom lan bagus-bagus.
13 Aku nyipati dhéwé yèn Oholiba
kasusilané wis rusak banget, malah
ngungkuli mbakyuné.
14 Saya suwé saya banget enggoné
nglakoni nistha. Kasmaran weruh
gambaré para punggawa Babil sing
kaukir ana ing témbok-témbok nganggo
rupa abang mbranang, bangkèkané
nganggo sabuk, sirahé nganggo sorban
lan koncèr.
15 (23:14)
16 Bareng weruh gambar mau sanalika
Oholiba banjur gandrung, mula
kongkonan marani wong-wong Babil
mau.
17 Wong Babil banjur padha teka
ngumbar hawa-nepsuné, Oholiba

tumindak sing njijiki karo wong-wong
Babil mau.
18 Angger wong dipamèri yèn dhèwèké
sundel, nganti angger wong ngerti yèn
wong kuwi sundel. Aku jijik karo wong
mau, ora béda enggon-Ku jijik karo
mbakyuné.
19 Enggoné dadi sundel saya ndadi,
tingkah lakuné kaya dhèk isih prawan
dadi sundel ana ing tanah Mesir.
20 Wong kuwi kepéncut karo wong
lanang sing nepsuné kaya birainé jaran.
21 (Oholiba, kowé kepéngin mbalèni
uripmu dhèk prawan ana ing Mesir,
nalika kasusilanmu bobrok babar-pisan,
nalika payudaramu digawé dolanan lan
kowé kélangan tandhané enggonmu isih
prawan.)"
22 "Mulané, hé Oholiba, Pangéran Kang
Mahakwasa ngandika mengkéné, ‘Kowé
wis bosen karo para dhemenanmu,
nanging wong-wong kuwi bakal Dakgawé
muring karo kowé, lan Daktekakaké
supaya ngepung kowé.
23 Wong Babil, wong Kasdim, wong
Pekod, wong Soa, wong Koa lan wong
Asyur kabèh. Sakèhé para wong
gedhé, para perwira, para pegawé

sing dhuwur pangkaté lan para jéndral
tentara jaranan, sakèhé wong nom sing
bagus-bagus mau bakal Dakklumpukaké.
24 Kabèh bakal padha nyerang kowé
saka Lor, nggawa tentara akèh, kréta
perang lan tandhon pangan. Kowé bakal
dikepung déning wong-wong mau sing
padha nganggo tamèng lan tropong
sirah. Kowé bakal Dakulungaké ing
tanganè lan kuwi sing bakal padha
ngadili kowé manut prenatané dhéwé.
25 Sarèhné Aku duka karo kowé,
mulané kowé bakal Dakpasrahaké
marang nepsuné wong-wong mau.
Irungmu lan kupingmu bakal dipagas,
anak-anakmu dipatèni. Anakmu lanang
lan wadon bakal direbut lan diobong
urip-uripan.
26 Sandhanganmu bakal disuwèk-
suwèk, lan raja-branamu dijupuki.
27 Kowé bakal Dakgawé mari enggonmu
kepéncutan lan nyundel kaya sing
wis koklakoni wiwit kowé isih ana ing
tanah Mesir. Kowé bakal ora kepéngin
nyembah brahala menèh lan ora bakal
ngéling-éling kaanan ing Mesir menèh.'"
28 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Kowé bakal

Dakulungaké marang wong-wong sing
sengit marang kowé lan kokanggep jijik.
29 Sarèhné padha sengit marang kowé,
mulané bakal njupuki sakèhé barang
asilé kangèlanmu, mula kowé kewudan
kaya sundel. Kuwi kabèh merga saka
enggonmu nyundel
30 lan gedhéné nepsumu. Kowé kuwi
sundelé para bangsa lan najisaké
awakmu dhéwé srana nyembah brahala.
31 Sarèhné kowé niru sedulurmu tuwa,
mulané kowé bakal Dakombèni saka
tuwung sing isi paukuman, padha karo
sing Dakombèkaké marang mbakyumu."
32 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Kowé bakal
ngombé saka tuwungé mbakyumu;
tuwung sing jero lan amba cangkemé.
Kowé bakal dipoyoki déning angger
wong; tuwung kuwi wis kebak.
33 Kowé bakal dadi mendem lan atimu
judheg, kuwi tuwung sing marahi
giris lan rusak, mengkono tuwungé
mbakyumu Samaria.
34 Tuwung mau bakal kokombé
saampasé, karo ngremet-ngremet
payudaramu. Mengkono pangandikané
Pangéran Kang Mahakwasa."

35 Mengkéné pangandikané Pangéran
Kang Mahakwasa menèh, "Sarèhné kowé
lali karo Aku sarta nyingkur Aku, mulané
kowé bakal ngrasakaké sangsara merga
saka nepsumu lan enggonmu nyundel."
36 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné, "Hé wong apes, apa kowé
wis siyaga ngadili Ohola lan Oholiba?
Wong loro kuwi dakwanen merga wis
padha nglakoni penggawé-penggawé
sing nistha.
37 Wis padha laku jina lan mematèni,
padha nyembah brahala lan matèni
anak-anaké sing dilairaké kanggo Aku.
Anak-anaké padha dienggo kurban
marang para brahala.
38 Isih ana tunggalé. Pasucèn-Ku padha
dinajisaké, prenatan dina Sabbat sing
Daktetepaké ora padha ditindakaké.
39 Sabanjuré nalika padha nyembelèh
anak-anaké kanggo brahalané, ing dina
kuwi uga padha nekani Pedaleman-Ku,
lan najisaké kasucèné!
40 Bola-bali enggoné kongkonan
nekakaké wong lanang saka adoh lan
wong-wong mau padha teka temenan.
Ohola lan Oholiba banjur padha adus,
mulas alisé lan nganggo hiasané.

41 Banjur padha lungguh ana ing peturoné, ngadhepaké méja kebak barang-barang èdi, semono uga dupa lan lenga wangi enggon-Ku maringi.
42 Banjur ana swarané wong akèh sing padha seneng-seneng, para wong lanang saka ara-ara samun padha mlebu. Wong-wong mau padha masang gelang ana ing tangané wong wadon loro mau, sarta masang makutha ana ing sirahé.
43 Aku mbatin wong kuwi padha nylèwèng karo sundel sing wis rusak awaké merga saka suwéné enggoné nyundel.
44 Wong-wong lanang mau padha bola-bali marani sundel-sundel Ohola lan Oholiba, wong wadon sing wis bejat kasusilané.
45 Wong mursid bakal ngadili wong-wong mau karo ndakwa laku jina lan gawé pati, merga padha laku bédhang lan tangané gluput getih."
46 Pangandikané Pangéran Kang Mahakwasa mengkéné, "Nekakna grombolané kècu supaya nyiksa sundel-sundel kuwi lan ngrampogi barang-barangé.

47 Karebèn dibenturi watu lan
disembelèh nganggo pedhang, anak-
anaké dipatèni lan omah-omahé diobong
ludhes.
48 Aku bakal nyegah supaya satanah
kabèh wong padha ora nindakaké
kanisthan menèh, minangka pepéling
supaya wong wadon padha ora laku
bédhang menèh kaya Ohola lan Oholiba.
49 Déné kowé, wong wadon loro
kakang-adhi bakal Dakukum merga
enggonmu wis nindakaké pegawéan
nistha lan dosamu nyembah brahala.
Mula kowé bakal ngerti yèn Aku iki
Pangéran Kang Mahakwasa."

24 1 Ing dina kaping sepuluh,
sasi kaping pat, taun kaping
sangané enggonku padha ana ing
pembuwangan, Pangéran ngandika
marang aku mengkéné,
2 "Hé wong apes, dina iki catheten,
merga dina iki raja Babil wiwit ngepung
kutha Yérusalèm.
3 Umat-Ku sing mbangkang kuwi
tuturana nganggo pasemon. Aku,
Pangéran Kang Mahakwasa sing paring
pasemon kanggo wong-wong mau.

Kèncèngé isènana banyu, tumpangna
ing geni.
4 Banjur isènana kethok-kethokan
daging sing becik dhéwé — daging
pundhak lan pupu — karo balung pilihan.
5 Dagingé daging wedhus gèmbèl
pilihan; sugokna kayu sing akèh ing
sangisoring kèncèng. Banyuné karebèn
umob, balung lan dagingé godhogen
bebarengan."
6 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Kuthané wong
sing seneng mematèni bakal ketekan
paukuman! Kutha mau kaya kèncèng
tiyèngen sing ora tau diresiki. Kethok-
kethokan daging dicidhuk siji-siji, nganti
ora ana sing kèri.
7 Ing kutha kéné akèh wong sing padha
dipatèni, nanging ing lemah ora ana
tilasé getih sing ketutupan ing awu,
sebab getihé padha nyiprat ana ing watu
karang.
8 Daktogaké ana ing kana, supaya
getih mau ora ketutupan lan nekakaké
paukuman kanggo males sing gawé
pepati."
9 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Kuthané wong

sing seneng matèni kuwi bakal ketekan
paukuman! Aku dhéwé sing bakal
nyugokaké geniné.
10 Tambahana kayuné! Geniné
tépasana! Dagingé godhogen! Kaldhuné
buwangen! Balungé obongen.
11 Kèncèngé tembaga sing kothong
mau tumpangna ana ing mawa sing
mengangah. Srana mengkono kèncèng
mau bakal dadi resik menèh, merga
tiyèngé wis kobong kabèh.
12 Éwasemono ora kabèh tiyèng bakal
mèlu kobong.
13 Hé Yérusalèm, penggawému sing
kurang tata kuwi njalari kowé dadi najis.
Senajan wis Dakcoba Dakgawé resik,
nanging kowé tetep kotor. Kowé ora
bakal dadi resik, yèn durung ngrasakaké
mulading paukuman-Ku.
14 Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
sing ngandika. Wis tekan titi-mangsané
Aku tumindak. Aku ora bakal lali
karo dosa-dosamu lan ora bakal
maringi kawelasan. Kowé bakal nampa
paukuman kanggo sakèhé penggawému.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa."

15 Pangandikané Pangéran marang aku mengkéné,
16 "Hé wong apes, Aku bakal mundhut wong sing koktresnani banget kanthi dadakan. Nanging kowé aja ngresula, sambat-sambat utawa ngetokaké luh.
17 Kowé aja ketara yèn mentas kepatèn. Sirahmu tetepa serbanan lan sikilmu sandhalan. Kowé aja nutupi raimu utawa mangan panganan sing lumrahé dipangan déning wong sing lagi kepatèn."
18 Dina kuwi, nalika isih ésuk umun-umun, aku omong-omong karo wong sawetara. Soréné bojoku kapundhut. Dina candhaké aku nindakaké kaya sing didhawuhaké déning Pangéran marang aku.
19 Wong-wong padha nakoni aku, "Kénging menapa panjenengan tumindak mekaten?"
20 Wangsulanku mengkéné, "Pangéran wis ngandika karo aku yèn Panjenenganÿé kersa paring dhawuh marang wong Israèl mengkéné,
21 'Kowé padha ngegung-egungaké Pedalemané Allah merga enggoné kukuh. Kowé seneng nyawang lan mlebu

mrono, nanging Pangéran bakal najisaké
pasucèn mau. Malah anak-anakmu sing
isih cilik kekarèné brayatmu bakal padha
dipatèni ana ing peprangan.
22 Sawisé mengkono kowé bakal tiru
aku, ora nutupi raimu lan ora mangan
pangan sing lumrahé dipangan déning
wong sing mentas kepatèn.
23 Kowé yèn metu saka ngomah bakal
tetep serbanan lan tetep mlaku nganggo
sandhal, lan kowé bakal ora sesambat
utawa nangis. Kowé bakal mati ngenes,
lan sesambat karo kancamu.
24 Kaya mengkono enggonku saiki
dadi pretandha marang kowé; kowé
bakal nindakaké apa sing daktindakaké.
Pangéran ngandika, samasa kuwi mau
kabèh wis kelakon, kowé bakal padha
ngerti yèn Panjenengané mau Pangéran
Kang Mahakwasa.’"
25 Pangéran ngandika menèh
mengkéné, "Hé wong kang apes,
Pedalemané Allah sing kukuh lan déning
wong Israèl diegung-egungaké sarta
sing nyenengaké atiné, nganti padha
seneng nyawang lan mlebu mrono,
kuwi bakal Daksirnakaké. Semono uga

anak-anaké wong Israèl lanang lan
wadon bakal Dakpundhut.
26 Ing dina kelakoné kuwi mau bakal
ana wong sing bisa oncat, banjur ngabari
kowé.
27 Ing dina kuwi uga kowé bakal
bali bisa guneman menèh, mari saka
enggonmu bisu, kowé banjur bakal
kandha karo wong sing nggawa kabar
mau. Kaya mengkono enggonmu bakal
dadi pretandha marang wong-wong
Israèl, lan wong-wong bakal ngerti yèn
Aku iki Pangéran."
25 1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné.
2 "Hé wong apes, wedharna pangandika-
Ku kanggo bangsa Amon.
3 Padha rungokna pangandikané
Pangéran Allah Kang Mahakwasa, ‵Kowé
padha bungah ndeleng Pedaleman-Ku
digawé najis, ndeleng tanah Israèl dadi
suwung lan sepi, lan ndeleng wong
Yéhuda padha dibuwang ing tanah
manca.
4 Sarèhné kowé padha bungah, Aku
bakal nekakaké bangsa-bangsa saka
ara-ara samun sisih Wétan sing bakal
padha nelukaké kowé. Bangsa-bangsa

mau bakal padha ngedegaké kémahé
ana ing tanahmu sarta padha manggon
saterusé ana ing kono. Wong-wong mau
bakal padha mangan woh-wohanmu
sarta ngombé susuning raja-kayamu.
5 Kuthamu Raba bakal Dakdadèkaké
pangonan unta, lan setanah Amon
kabèh bakal Dakdadèkaké pangonan
wedhus, supaya kowé ngerti yèn Aku iki
Pangéran.'"
6 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Kowé padha keplok-keplok
lan jingkrak-jingkrak saka senengmu.
Kowé padha bungah merga Israèl
nandhang sangsara.
7 Sarèhné mengkono tumindakmu,
kowé bakal Dakulungaké marang
bangsa-bangsa liya sing bakal ngrampog
kowé entèk-entèkan. Kowé bakal
Daksirnakaké nganti tapis, nganti wis
ora dadi bangsa lan bakal ora duwé
tanah dhéwé. Sarta kowé bakal ngerti
yèn Aku iki Pangéran."
8 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Sarèhné Moab duwé
pangucap yèn Yéhuda kuwi ora béda
karo bangsa-bangsa liyané,

9 mulané kutha-kutha ing sauruté
tapel wates sing mbètèngi Moab bakal
Dakulungaké supaya digempur déning
mungsuh, senajan kutha-kutha sing
éndah dhéwé kayata Bèt-Yésimot,
Baal-Méon, lan Kiryataim.
10 Aku bakal nekakaké bangsa-bangsa
saka segara wedhi sisih Wétan supaya
nelukaké Moab lan Amon, nganti Moab
bakal mari enggoné dadi bangsa.
11 Moab bakal Dakukum, supaya padha
ngerti yèn Aku iki Pangéran."
12 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Wong Édom nindakaké
pemales sing ambek siya banget marang
Yéhuda, kuwi ateges gawé kaluputan
gedhé.
13 Mulané Édom bakal Dakukum,
lan saben wong sarta kéwané bakal
Dakpatèni. Édom bakal Dakdadèkaké
jugrugan, wiwit saka kutha Téman
nganti tekan Dédan, sarta saben wong
bakal dipatèni ana ing peprangan.
14 Umat-Ku Israèl bakal nindakaké
pemales-Ku marang Édom, nganti Édom
bakal ngrasakaké bentèring duka-Ku,
Édom bakal ngrasakaké sepira aboté

pemales-Ku. Mengkono pangandikané
Pangéran Kang Mahakwasa."
15 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika,
"Wong Filistin wis padha nindakaké
pemales sing ambek siya banget marang
satruné bebuyutan, nganti padha
disirnakaké kabèh.
16 Mulané wong Filistin bakal Dakgepuk
lan Daksapu resik saka ing bumi. Kabèh
wong sing manggon ana ing tanah ngaré
Filistin bakal Daksirnakaké.
17 Paukuman-Ku bakal nggegirisi
lan pemales-Ku bakal timbang karo
paukuman-Ku, nganti bakal padha ngerti
yèn Aku iki Pangéran."

26 1 Nalika aku ana ing
pembuwangan, ing taun
kaping sewelas, sasi kapisan tanggal
kapisan Pangéran ngandika marang aku
mengkéné,
2 "Hé wong apes, wong ing kutha Tirus
padha ngécé Yérusalèm karo muni
mengkéné, ‘Gapuranè bangsa-bangsa
wis ambruk! Wis mari enggoné dadi
rajaning sudagar! Wis ora bakal dadi
saingan kita menèh!’
3 Mulané Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa ngandika mengkéné,

‘Ngertia wong Tirus, yèn Aku saiki
dadi mungsuhmu! Aku bakal nekakaké
bangsa pirang-pirang nyerbu kuthamu,
lan tekané bakal kaya ombaking segara.
4 Bètèngé kuthamu bakal digempur lan
menara-menaramu bakal dirubuhaké.
Lebuné bakal Daksapu resik, mula Tirus
bakal dadi gunung karang sing gundhul.
5 Panggonan kono bakal dadi papan
kanggo mépé jala ana ing satengahé
segara.’ Mengkono pangandikané
Pangéran Kang Mahakwasa, ‘Tirus bakal
dijarah-rayah déning bangsa-bangsa;
6 lan sing padha manggon ana ing
kutha, ing dharatan, bakal padha
dipatèni nganggo pedhang. Mula Tirus
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.’"
7 Allah Kang Mahakwasa ngandika
menèh mengkéné, "Aku bakal nekakaké
Nebukadnésar saka Babil, ratuning para
ratu, supaya nyerbu kutha Tirus. Tekané
saka Lor, nggawa jaran, kréta perang,
prejurit jaranan lan tentara akèh banget.
8 Sing padha manggon ana ing
kutha sing ana ing dharatan bakal
padha dipatèni sajroning peprangan.
Mungsuh bakal gawé kalèn-kalèn lan

tanggul-tanggul, minangka tamèng sing kuwat.
9 Témbok-témbokmu bakal dijugrugaké, lan menara-menaramu bakal karubuhaké nganggo andha wesi.
10 Saka akèhé jaran, bledugé bakal nutupi kowé. Swarané grobag lan kréta sing digèrèd déning jaran bakal gawé kedheré témbok-témbokmu samasa padha ngliwati gapura-gapurané kutha sing wis dadi gempuran.
11 Para prejuritè jaranan bakal padha mlebu ing lurung-lurung sarta matèni wong-wongmu nganggo pedhang. Tugu-tugu sing kokandel-andelaké bakal padha dirubuhaké.
12 Kasugihanmu bakal dirampas, lan barang-barang daganganmu bakal dijarah-rayah. Bètèngmu bakal padha dijugrugaké, lan omah-omahmu sing éndah bakal dibrukaké. Watu-watuné, kayu-kayuné, gapurané bakal kabuwang ing segara.
13 Enggonmu ngidung, semono uga enggonmu ngunèkaké clempung bakal Dakendheg.
14 Kuthamu bakal Dakdadèkaké gunung karang sing gundhul, dadi panggonané

para wong golèk iwak mépé jalané. Kutha mau bakal ora dibangun menèh. Mengkono pangandikané Pangéran Kang Mahakwasa."
15 Ana dhawuhé Pangéran Kang Mahakwasa nganggo kutha Tirus mengkéné, "Menawa kowé ditelukaké wong-wong sing padha manggon ana ing sauruting pesisir, bakal padha gemeter krungu panjerité wong-wong sing padha disembelèh.
16 Para rajaning bangsa-bangsa sing lelayaran bakal padha kegèsèr saka dhamparé. Wong-wong mau bakal padha nyopot jubahé lan sandhangané réndan, banjur lungguh ing lemah karo gemeter. Saka girisé ndeleng kaananmu nganti ora lèrèn-lèrèn enggoné ndhredheg wèl-wèlan.
17 Wong-wong mau bakal padha nglagokaké kidungé wong kepatèn, ‘Kutha sing misuwur kuwi wis ambruk! Prau-prauné wis disapu resik saka segara. Biyèn penduduk kutha kéné padha ngwasani segara, lan nekakaké pagiris marang wong sing padha manggon ana ing pesisir.

18 Saiki, bareng kutha mau wis rubuh,
wong-wong sing padha manggon ing
pulo-pulo padha gemeter, merga padha
kagèt ndeleng karusakan sing semono
gedhéné.'"
19 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Kowé bakal
Dakdadèkaké kutha jugrugan sing ora
dienggoni wong menèh. Kowé bakal
Dakslulupaké ing segara.
20 Kowé bakal Daklebokaké ana ing
jagadé wong mati, dadi siji karo wong-
wong sing wis mati dhèk jaman kuna.
Kowé bakal manggon ana ing jagadé
wong mati kono selawas-lawasé, amor
karo roh-rohé wong sing wis padha mati.
Mulané kutha iki ora bakal dienggoni
wong menèh, lan ora kepétung dadi
panggonané wong urip.
21 Kowé bakal dadi conto sing nggegirisi,
lan kuwi wekasané uripmu. Wong padha
nggolèki kowé, nanging ora bakal
nemokaké kowé menèh ing selawas-
lawasé. Mengkono pangandikané
Pangéran Kang Mahakwasa."

27

1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,

2 "Hé wong apes, nglagokna kidung
pelayatan kanggo wong Tirus,
3 kutha sing ana ing sapinggiring segara
lan dedagangan karo bangsa-bangsa
ing daérah pesisir. Kandhakna apa
sing dingandikakaké Pangéran kanggo
wong-wong mau mengkéné, ‘Tirus, kowé
ngegung-egungaké kaéndahanmu sing
sempurna.’
4 Omahmu ana ing segara, kowé
dibangun déning para ahli bangunan
kaya prau sing becik banget.
5 Kowé digawé nganggo kayu beros
saka Gunung Hèrmon, lan cagaké
layarmu digawé saka kayu èrès.
6 Dhayungmu digawé saka kayu Basan;
gladhagmu digawé saka kayu cemara
Siprus, dikuwati nganggo gadhing.
7 Layarmu digawé saka léna alus, léna
sing disulam saka tanah Mesir, gampang
dititèni saka kadohan. Téndha-téndhamu
kagawé saka léna alus, léna wungu saka
Siprus.
8 Sing ndhayung wong-wong saka kutha
Sidon lan Arwad. Kelasiné wong-wongmu
dhéwé sing padha trampil-trampil.
9 Para tukang-kayumu wong wasis-
wasis weton saka Babil. Prau-praumu

sing lelayaran para kelasiné padha blanja
ana ing toko-tokomu.
10 Wong Pèrsia, wong Lidia lan
wong Libia padha dadi serdhadhu lan
tentaramu. Tamèngé lan tropongé padha
cemanthèl ana ing tangsi-tangsimu.
Kuwi kabèh wong-wong sing gedhé
jasané, nganti kowé dadi misuwur.
11 Serdhadhu-serdhadhu Arwad padha
njaga bètèngmu, lan wong Gamad
padha njaga menara-menaramu.
Tamèngé padha dicanthèlaké ana ing
témbok-témbokmu. Kuwi kabèh wong
sing padha nambahi beciké negaramu.
12 Kowé padha dedagangan tekan
Spanyol; slaka, wesi, timah, sing
akèh banget cacahé, kokijoli nganggo
barang-barangmu.
13 Kowé padha dedagangan karo
wong Yunani, wong Tubal lan wong
Mèsèkh, barang-barangmu kokijolaké
batur-tukon lan barang-barang saka
swasa.
14 Barang-barangmu kokijolaké jaran
kanggo narik kréta lan jaran tunggangan
sarta bihal saka Bèt-Togarma.
15 Wong-wong saka Rodhos padha
dedagangan karo kowé, semono uga

wong-wong sing padha manggon ana
ing sauruté pesisir padha ngijolaké
gadhing lan kayu keling karo barang
daganganmu.
16 Wong Édom padha nukoni
daganganmu lan pametuné tanahmu.
Enggoné mbayar kowé nganggo permata
zamrud, léna wungu, léna sulaman, léna
alus, mutiara lan permata dlima.
17 Wong Yéhuda lan wong Israèl padha
mbayar kowé nganggo gandum, madu,
lenga zaitun lan bumbu-bumbu.
18 Wong Damsyik padha nukoni
daganganmu lan mbayar nganggo
anggur saka Hèlbon lan wulu wedhus
saka Sahar. Padha ngijolaké wesi
gemblèngan lan bumbu-bumbu karo
barang-barangmu.
19 (27:18)
20 Wong Dédan padha ngijolaké lapak
lan pakéan jarané.
21 Wong Arab lan para penggedhéné
bangsa Kédar padha ngijolaké wedhus
gèmbèl, wedhus jawa lan wedhus bérok
karo barang-barang daganganmu.
22 Semono uga para sudagar ing Syéba
lan Raéma padha ngijolaké barang-

barangé mas-inten lan bumbu-bumbu
sing larang regané.
23 Sudagar-sudagar saka kutha Haran,
Kané, lan Èden, saka Syéba lan Asyur
sarta Kilmad kabèh padha dedagangan
karo kowé.
24 Padha ngedol marang kowé
sandhangan-sandhangan éndah,
mori wungu lan mori sulaman, babut
permadhani sing manéka rupa,
dhadhung lan tali-tali sing kuwat banget.
25 Para sudagarmu padha nunggang
kapal dagang gedhé-gedhé. Kuthamu
presasat kapal gedhé, kebak barang
dagangan, kemambang ana ing segara.
26 Bareng para pendhayungmu padha
nggawa kapalmu metu ana ing segara,
dumadakan ana angin saka Wétan
ngeremaké kapalmu, adoh saka
padunungan mu.
27 Kasugihan lan barang-barang
daganganmu, semono uga matrus-
matrus lan pendhayungmu, para tukang
lan para sudagarmu, sakèhé prejurit
sing ana ing kapal — kabèh padha kleleb
ing segara, kèrem bareng karo kapalmu.
28 Panjerité para matrus sing kleleb
nganti keprungu saka dharatan.

29 Wong kabèh nuli padha ninggal
kapalé lan saben matrus nglangi
menyang dharatan.
30 Wong kabèh padha nangisi
kaananmu, sirahé padha disawuri awu,
banjur padha nglésod ana ing lebu.
31 Sirahé padha dicukur, banjur padha
nganggo sandhangan bagor. Atiné sedhih
banget ndeleng kaananmu nganti nangis
kelara-lara.
32 Padha nglagokaké kidungé wong
kepatèn, karo sesambat, ‘Sapa sing bisa
madhani Tirus. Tirus sing saiki kakubur
ana ing segara?
33 Para sudagarmu sing padha lelayaran
menyang negara manca padha nyukupi
kebutuhané saben bangsa. Raja-raja
padha dadi makmur, merga saka akèhé
barang daganganmu.
34 Saiki kowé kèrem ana ing segara,
ambles ana ing dhasaré samodra. Barang
daganganmu lan kabèh penumpangé
sirna bareng karo kowé ana ing segara.’
35 Saben wong sing manggon ana ing
saurute pesisir padha kagèt meruhi
kaananmu. Para rajané padha ketaman
ing giris, lan katon wedi banget.

36 Saiki kowé ora ana, lan ora bakal
bali menèh ing selawas-lawasé. Sakèhé
sudagar ing bumi padha giris, merga
bisa uga bakal ngalami musibah kaya
sing kokalami."
28 1 Pangéran ngandika marang aku
mengkéné,
2 "Hé wong apes, raja Tirus kandhanana
yèn Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
dhawuh marang wong-wong mau
mengkéné, ‘Omonganmu umuk,
gemedhé, kandha yèn kowé kuwi allah,
sing lungguh ana ing dhampar ing
satengahé samodra. Rumangsamu kowé
kuwi allah, nanging sejatiné dudu; kowé
kuwi manungsa sing apes.
3 Rumangsamu kowé kuwi luwih
wicaksana tinimbang Dhanièl, nganti ora
ana prekara sing rumit kanggoné kowé.
4 Kawicaksananmu lan ketrampilanmu
sing marakaké kowé sugih raja-brana,
emas lan slaka.
5 Kowé pancèn pinter dagang nganti
bathimu akèh. Atimu mongkog merga
kasugihanmu sepirang-pirang!’"
6 Sarèhné mengkono, Aku Pangéran,
Kang Mahakwasa ngandika mengkéné,
"Merga kowé rumangsa wasis kaya Allah,

7 Aku bakal nekakaké mungsuh sing
ambek siya, nempuh perang marang
kowé. Sakèhé barang éndah lan pengaji
saka asilé kawasisan lan ketrampilanmu
dagang bakal disirnakaké.
8 Kowé bakal dipatèni lan dikubur ana
ing kuburan sing kebak banyu.
9 Yèn wong-wong mau padha teka
arep matèni kowé, apa kowé isih bakal
kandha, ‘Aku iki Allah?’ Yèn kowé
adu-arep karo wong sing bakal matèni
kowé, kowé bakal ngakoni yèn kowé
kuwi dudu Allah, nanging manungsa sing
apes.
10 Kowé bakal mati kaya asu ana ing
tangané wong kapir saka manca negara.
Mengkono pangandika-Ku, Pangéran
Kang Mahakwasa."
11 Pangéran ngandika menèh
mengkéné,
12 "Hé wong apes, nangisana raja
Tirus sing bakal nampani musibah.
Kandhakna marang raja Tirus, yèn
Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika mengkéné, ‘Biyèn kowé kuwi
prelambangé kasampurnan. Kowé wasis
lan duwé kawibawan!

13 Kowé manggon ana ing Firdus,
petamananané Allah. Direngga nganggo
permata manca warna sing éndah-
éndah: akik dlima lan inten, akik topas,
pirus, yakut, retna, cempaka, nilam,
zamrud lan alkali abang. Enggon-
enggonmu saka emas. Kabèh mau
dicawisaké wiwit kowé lair.
14 Aku nugasaké kerub sing sekti
njaga kowé. Kowé manggon ana ing
gunung-Ku kang suci lan mlaku-mlaku
ana ing satengahing permata sing
mencorong.
15 Tumindakmu tanpa cacad wiwit kowé
katitahaké, nganti saiki kowé nglakoni
piala.
16 Kowé laku dagang gedhèn, kuwi
njalari kowé nindhes lan jahat. Mulané
kowé banjur Dakbuwang saka gunungé
Allah, lan kerub sing ngreksa kowé
banjur nundhung kowé saka satengahé
permata sing gemebyar.
17 Kowé gemunggung merga saka
éndahing rupamu lan merga saka
misuwurmu; pretingkahmu banjur kaya
wong gemblung. Mulané kowé bakal
Dakbuwang ana ing lebuning bumi, dadi
pepéling kanggo para raja liyané.

18 Piala sing koktindakaké sajroning dol-tinuku, gawé najisé papan pangibadahmu. Mulané kuthamu bakal Dakobong nganti entèk babar-pisan. Apa sing saiki katon bakal entèk dadi awu.
19 Kowé bakal sirna ing selawas-lawasé, lan bangsa-bangsa sing wis tau teka lan kenal karo kowé bakal padha dadi giris, merga wedi yèn iya bakal ngalami musibah kaya kowé.’"
20 Pangandikané Pangéran marang aku mengkéné,
21 "Hé wong sing apes, wartakna marang kutha Sidon mengkéné,
22 kandhakna yèn Aku, Pangéran Kang Mahakwasa, ngandika mengkéné tumraping Sidon, ‘Sidon, Aku iki mungsuhmu. Wong-wong bakal padha memuji marang Aku merga sing Daktindakaké marang kowé. Wong-wong mau bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran, kang mahasuci, mulané ngukum wong-wong sing padha manggon ing kuthamu.
23 Aku bakal nekakaké pageblug lan perang, mula dalan-dalanmu bakal kebak getih. Kowé bakal diserang mungsuh saka kéblat papat, lan wong-wongmu

bakal tiwas déning pedhang. Nganti
kowé bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.'"
24 Pangandikané Pangéran menèh,
"Bangsa-bangsa sakiwa-tengené Israèl
sing biyèn ngina marang Israèl bakal
mari dadi eri sing natoni Israèl menèh.
Nganti bangsa-bangsa mau bakal ngerti
yèn Aku iki Pangéran."
25 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
menèh mengkéné, "Aku bakal mbalèkaké
wong Israèl saka satengahé bangsa-
bangsa nalika Dakbuyaraké, nganti
bangsa-bangsa bakal ngerti yèn Aku iki
Pangéran kang mahasuci. Umat Israèl
bakal manggon ana ing tanahé dhéwé,
tanah sing Dakparingaké marang Yakub
abdi-Ku.
26 Umat kuwi bakal manggon ana ing
kana kanthi tentrem. Ana ing kana
bakal padha gawé omah lan yasa kebon
anggur. Para bangsa sakiwa-tengené
sing ngrèmèhaké bakal Dakukum, sarta
Israèl bakal manggon kanthi tentrem lan
ngerti yèn Aku iki Pangéran, Allahé."

29 1 Nalika enggonku padha ana ing
pembuwangan nyandhak taun
kaping sepuluh, mbeneri sasi kasepuluh

tanggal ping rolas, ana dhawuhé
Pangéran marang aku mengkéné,
2 "Hé wong apes, wartakna marang raja
ing Mesir. Kandhakna yèn satanah Mesir
kabèh bakal kaukum.
3 Mengkéné dhawuhé Pangéran Kang
Mahakwasa marang raja Mesir, ‘Aku iki
mungsuhmu, hé baya galak sing njerum
ana ing kali. Kowé kandha-kandha yèn
Bengawan Nil kuwi duwèkmu lan kowé
sing gawé.
4 Aku bakal masang cangkolan ana ing
wangmu lan iwak-iwak kali bakal padha
kraket ing sisikmu. Kowé banjur bakal
Daktarik, Dakentas saka Bengawan Nil,
karo sakèhé iwak sing temèmplèk ana
ing awakmu
5 lan Dakbuwang ana ing segara wedhi.
Awakmu bakal gemléthak ana ing lemah
tanpa dipendhem, dadi pakané manuk
lan kéwan-kéwan alasan.
6 Nganti wong-wong ing Mesir
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.’"
Pangandikané Pangéran menèh, "Wong
Israèl padha ngendelaké kekuwatanmu,
nanging satemené kowé kuwi mung
teken sing ringkih.

7 Yèn kanggo nyagak banjur coklèk,
lan nyubles cangklakané wong sing
nganggo, sarta nyuwèkaké gegeré.
8 Mulané Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa ngandika marang kowé, yèn
Aku bakal nekakaké wong-wong sing
nyerang kowé nganggo pedhang, matèni
wong-wongmu lan raja-kayamu.
9 Mesir bakal dadi tanah sepi, lan kowé
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran."
"Sarèhné kowé kandha yèn Bengawan
Nil kuwi duwèkmu lan kowé sing gawé,
10 mulané saiki Aku dadi mungsuhmu
lan mungsuhé Bengawan Nil. Tanah
Mesir kabèh bakal Dakdadèkaké ara-ara
samun, wiwit saka kutha Migdol ing sisih
Lor tekan kutha Aswan ing sisih Kidul
sauruté tapel watesé tanah Sudan.
11 Sajroné patang puluh taun bakal
ora ana manungsa utawa kéwan sing
ngambah utawa manggon ana ing kono.
12 Mesir bakal Dakdadèkaké panggonan
sing sepi nyenyet dhéwé ing salumahing
bumi. Nganti patang puluh taun lawasé
kutha-kutha ing tanah Mesir bakal
rupa jugrugan, ngungkuli kutha-kutha
liyané. Wong Mesir bakal Dakdadèkaké
pengungsi, lan bakal padha keplayu

menyang negara-negara liyané sarta
manggon ana ing kana ing satengahé
bangsa-bangsa."
13 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Sawisé patang puluh taun
wong Mesir sing Daksebar ana ing
satengahé para bangsa mau bakal
Dakbalèkaké menèh ana ing tanahé
dhéwé.
14 Dakpapanaké ana ing tanah Mesir
sisih Kidul, tanah asalé. Ana ing kana
bakal dadi kraton sing ringkih,
15 sing cilik dhéwé ing antarané
kraton-kraton liyané, mula selawasé
bakal ora njajah bangsa-bangsa liyané
menèh. Bakal Dakgawé ringkih banget,
nganti ora bisa nelukaké bangsa-bangsa
liyané nuruti kekarepané.
16 Israèl bakal ora gemantung saka
pitulungané Mesir menèh. Malah nasibé
Mesir bakal tansah dadi pepéling
tumraping Israèl supaya aja ngendel-
endelaké Mesir menèh. Lan Israèl
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran Kang
Mahakwasa."
17 Nalika enggonku padha ana ing
pembuwangan nyandhak taun ping
patlikur, ing sasi kapisan tanggal

kapisan, Pangéran ngandika marang aku
mengkéné,
18 "Hé wong apes, Raja Nebukadnésar
bakal nglurug perang menyang Tirus.
Para prejurité nggawa momotan abot
nganti sirahé padha plonthos lan bahuné
padha mlècèt, nanging raja lan para
prejurité padha ora nampa apa-apa
minangka liruné kangèlané.
19 Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika bab kuwi mengkéné, ‘Tanah
Mesir bakal Dakulungaké marang
Raja Nebukadnésar. Raja mau bakal
njarah-rayah kasugihané Mesir kanggo
mbayar tentarané.
20 Mesir Dakulungaké minangka opahé,
merga tentarané wis nglakoni dhawuh-
Ku. Aku Pangéran Kang Mahakwasa kang
dhawuh.’
21 Samasa wis kelakon, Israèl bakal
Dakgawé rosa lan kowé Yéhezkièl, bakal
ngandhakaké marang angger wong,
supaya wong kabèh krungu lan ngerti
yèn Aku iki Pangéran."

30

1 Pangandikané Pangéran menèh,
2 "Hé wong apes, medhara
wangsit lan wartakna pangandika-Ku,
Pangéran Kang Mahakwasa. Wartakna

sing seru mengkéné, Bakal ana mangsa
panyia-nyia!
3 Dinané wis cedhak. Ing dina kuwi
Pangéran bakal tumindak. Dina
sing kebak mendhung lan pepeteng
tumraping para bangsa.
4 Ing tanah Mesir bakal ana peprangan,
Sudan bakal gemeter. Ing Mesir wong
akèh bakal padha dipatèni, tanah mau
bakal dijarah-rayah lan dadi ludhesan.
5 Ing peprangan mau akèh prejurit
séwan sing bakal dipatèni, yakuwi
prejurit séwan saka Sudan, Lidia, Libia,
Arab, Kub, malah iya wong Israèl akèh."
6 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Saka Migdol
ing sisih Lor tekan Aswan ing sisih
Kidul akèh prejurit sing bakal mati
ana ing peprangan. Tentara Mesir sing
angkuh bakal katumpes. Pangéran Kang
Mahakwasa sing ngandika.
7 Tanah kuwi bakal dadi sepi dhéwé ing
salumahing bumi, lan kutha-kuthané
bakal dadi ludhesan kabèh.
8 Yèn Mesir wis kaboyong lan para
prejurité mati kabèh, Mesir bakal ngerti
yèn Aku iki Pangéran.

9 Samasa tekan mangsané lan Mesir
wis katumpes, Aku bakal ngutus tentara
numpak kapal nyerbu tanah Sudan
kanthi dadakan, mula wong-wong ing
kana bakal padha gemeter. Dina kuwi
bakal kelakon!"
10 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa, "Nebukadnésar, raja ing
Babil, bakal Dakagem nguras kasugihané
tanah Mesir.
11 Raja mau lan tentarané sing ambek
siya bakal teka numpes tanah kono.
Mesir bakal diserang nganggo pedhang,
lan tanah mau bakal kebak mayité wong
sing padha dipatèni.
12 Bengawan Nil banyuné bakal Daksat
lan Mesir bakal Dakulungaké lan
dijajah déning wong ala. Mesir bakal
ditumpes kabèh déning wong manca.
Aku, Pangéran Kang Mahakwasa sing
ngandika."
13 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa, "Aku bakal numpes sakèhé
reca lan brahala sing ana ing Mèmfis. Ing
Mesir bakal ora ana penggedhé menèh
lan kabèh wong bakal ketaman pagiris.

14 Aku bakal numpes lan ngobong
kutha-kuthané mengalor tekan Soan.
Kutha Tèbès bakal Dakukum.
15 Kutha Pelusium, bètèngé Mesir
sing kukuh dhéwé, bakal ngrasakaké
mulading duka-Ku. Kasugihané Tèbès
bakal Daksirnakaké.
16 Mesir bakal Dakobong lan Pelusium
bakal ngalami sangsara. Bètèngé Tèbès
bakal ambruk, lan kutha mau bakal
kebanjiran.
17 Para nonoman ing kutha-kutha
Héliopolis lan Bubastis bakal padha mati
ana ing peprangan, lan kekarèné bakal
didadèkaké tawanan perang.
18 Takhpanhès bakal nampani pepeteng
samasa pangwasané Mesir sing diegung-
egungaké Dakpepesaké. Mesir bakal
ketutupan ing mendhung lan penduduké
kutha-kuthané bakal kaboyong kabèh
dadi tawanan perang.
19 Yèn wis ngrasakaké paukuman-Ku
sing kaya mengkono mau Mesir bakal
ngerti yèn Aku iki Pangéran."
20 Nalika enggonku padha ana ing
pembuwangan nyandhak taun ping
sewelasé, sasi kapisan, ing dina kapitu,
Pangéran ngandika marang aku,

21 "Hé wong apes, lengené raja Mesir
wis Dakputung. Ora ana wong sing
merban utawa mrenahaké lengen mau
ing cangklongan supaya bisa tuntum
menèh lan kuwat nyekel pedhang.
22 Mulané Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa dhawuh mengkéné, ‘Aku
iki mungsuhé raja Mesir. Lengené
loro-loroné bakal Dakputung, ya lengené
sing isih wutuh, ya lengen sijiné sing wis
putung, mula pedhangé bakal mrucut
saka tangané.
23 Wong Mesir bakal Dakbuyaraké ana
ing salumahé bumi.
24 Yèn wis mengkono lengené raja Babil
bakal Dakgawé rosa lan pedhang-Ku
bakal Dakcekelaké ana ing tangané.
Nanging lengené raja Mesir karo-karoné
bakal Dakputung, nganti bakal gereng-
gereng sesambat lan mati ana ing
ngarepé mungsuhé.
25 Raja Mesir bakal Dakpepes
pangwasané, nanging raja Babil
Dakgawé sentosa. Yèn pedhang-Ku wis
Dakcekelaké ana ing tangané, angger
wong bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.

26 Wong Mesir bakal Daksebar ana ing
salumahing bumi, sarta padha ngerti yèn
Aku iki Pangéran.’"

31 1 Nalika enggonku padha ana ing
pembuwangan nyandhak taun
kaping sewelas, sasi kalima tanggal
kapisan, Pangéran ngandika marang
aku,
2 "Hé wong apes, kandhakna karo Raja
Pringon lan wong Mesir mengkéné,
‘Pangwasamu gedhé banget, sapa sing
bisa nandhingi kowé?
3 Kowé presasat sédar ing Libanon,
wit sing becik ngrembuyung godhongé,
dhuwuré sundhul ing langit.
4 Dibutuhaké banyu kanggo tuwuh, lan
kali-kali ing sangisoré lemah sing awèh
pangan. Kuwi sing mbanyoni lemah
panggonané tuwuh, lan awèh banyu
marang sakèhing wit-witan sing ana ing
alas kono.
5 Sarèhné banyuné cukup, wit èrès mau
tuwuh saya gedhé ngungkuli wit-wit
liyané. Pang-pangé dadi gedhé lan dawa.
6 Manuk-manuk manéka-warna padha
nusuh ana ing pang-pangé. Kéwan alas
padha manak ing sangisoré pang-pangé.

Bangsa-bangsa salumahé bumi padha
golèk pengayoman ana ing sangisoré.
7 Iba éndahé wit èrès kuwi — gedhé
dhuwur tur pangé gedhé-gedhé lan
dawa-dawa. Oyodé nembus tekan
sumber-sumber ing sangisoré lemah.
8 Ora ana wit èrès sing ana ing
petamananané Pangéran sing bisa
nandhingi wit mau. Ora ana wit cemara
sing pang-pangé kaya kuwi, lan ora ana
wit beros sing pangé ngrembuyung kaya
ngono. Ora ana wit ing petamananané Allah
sing beciké ngungkuli wit èrès kuwi.
9 Aku sing gawé wit kuwi becik lan
pang-pangé padha mekar. Saben wit
mèri karo wit èrès mau.'
10 Aku Pangéran Kang Mahakwasa
paring weruh apa sing bakal dialami
déning wit èrès sing pang-pangé nganti
sundhul ing awang-awang. Saya dhuwur
saya tambah gemunggungé.
11 Mulané banjur Daktampik lan
Dakulungaké ing tangané raja saka
tanah manca. Kuwi sing bakal ngganjar
wit mau timbang karo penggawéné sing
ala.
12 Raja-raja ngamanca sing ambek siya
bakal padha negor wit mau lan ditinggal

gemléthak ana ing lemah. Pang-pangé
lan godhongé sing ngrembuyung bakal
nibani gunung-gunung lan lembah-
lembah ing sawratané tanah kono.
Sakèhé bangsa-bangsa sing biyèn
manggon ana ing sangisoré pang-pangé
bakal padha lunga.
13 Manuk-manuk bakal padha teka lan
ménclok ana ing wit sing ambruk mau,
sarta kéwan-kéwan galak bakal padha
mlaku nglumpati pang-pangé.
14 Dadi wiwit saiki bakal ora ana wit,
senajana wit sing olèh banyu akèh, sing
bisa tuwuh dadi gedhé, sing dhuwuré
sundhul ing méga. Wit-witan kabèh
pinesthi apes kaya manungsa, iya
pinesthi mati nunggal karo sing padha
medhun ana ing jagading pati."
15 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Ing dina
ambruké wit gedhé mau menyang
donyané wog mati, sumber-sumber ing
sangisoring bumi bakal Dakdhawuhi
ngeleb panggonan kono minangka
tandha béla-susah. Kali-kali bakal
Dakdhawuhi mandheg enggoné mili,
semono uga iliné kali-kali Dakendheg.
Sarèhné wit gedhé kuwi wis mati,

mulané Aku bakal nekakaké pepeteng
ana ing pegunungan Libanon, nganti
wit-wit sing ana ing kono bakal padha
alum.
16 Yèn wit gedhé mau wis ana ing
donyané wong mati, rubuhé bakal
kanthi gemuruh, nganti rubuhé mau
ngoregaké para bangsa. Wit-wit sing ana
ing petamanan Èden lan sakèhé wit-wit
pilihan sing ora kekurangan banyu ing
Libanon sing wis padha ana ing donyané
wong mati bakal padha bungah merga
rubuhé wit gedhé mau.
17 Lan bakal padha ngiring lakuné wit
gedhé mau mlebu ing donyané wong
mati kumpul karo sing padha ambruk
luwih dhisik. Lan sapa waé sing tau
ngéyub ana ing sangisoré wit gedhé mau
bakal kabuyaraké ing satengahé para
bangsa.
18 Wit gedhé mau ora liya raja Mesir lan
rakyaté kabèh. Wit-wit ing petamanané
Allah ora ana sing madhani gedhéné lan
kawibawané. Nanging saiki, ora béda
karo wit-witan sing ana ing petamanan
Èden, wit gedhé mau iya bakal manggon
ing donyané wong mati, kumpul karo
wong-wong kapir sing ora kenal karo

Allah, lan karo wong-wong sing tiwas ana ing peprangan. Mengkono pangandikané Pangéran Kang Mahakwasa."

32 [1] Nalika enggoné padha ana ing pembuwangan nyandhak taun ping rolas, ing sasi kaping rolas, tanggal kapisan ana dhawuhé Pangéran marang aku,

2 "Hé wong apes, raja Mesir tuturana sing temenan. Pangandika-Ku iki kandhakna, ‘Pratingkahmu ing antarané para bangsa kuwi kaya singa, nanging sajané kowé kuwi ngèmperi baya sing ciblon ana ing kali. Banyuné kokgawé buthek nganggo sikilmu, mula kali-kali dadi reged.

3 Yèn para bangsa padha nglumpuk, kowé bakal Dakjala lan kowé bakal digèrèd saka kali menyang dharatan.

4 Kowé bakal Dakbanting ana ing lemah lan dagingmu Dakpakakaké manuk ing awang-awang lan kéwan-kéwan ing salumahing bumi karebèn padha wareg.

5 Gunung-gunung lan lembah-lembah bakal Dakkebaki dagingmu sing bosok kuwi.

6 Getihmu bakal Dakesokaké lan
Dakcipratakė ana ing gunung-gunung
sarta Dakilèkaké ana ing kali-kali.
7 Samasa kowé Daktumpes, langit bakal
Daktutupi lan lintang-lintang padha
Dakpetengi. Srengéngé bakal Daktutupi
nganggo mendhung lan rembulan bakal
ora nyorotaké padhangé.
8 Kabèh sing sumunar ana ing
langit bakal Dakdadèkaké peteng lan
salumahing bumi bakal Dakkemuli
pepeteng. Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa kang ngandika.
9 Akèh bangsa bakal padha susah
samasa krungu sing Dakwartakaké
marang sakèhé negara bab sangsara
sing nekani kowé.
10 Bangsa-bangsa bakal padha kagèt
yèn krungu apa sing Daktindakaké
marang kowé. Samasa Aku ngobat-
abitaké pedhang-Ku, raja-raja bakal
padha gemeter saka wediné. Ing
dina sirnamu, sakèhé raja-raja bakal
padha wèl-wèlan saka wediné merga
nyumelangaké uripé dhéwé.'"
11 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
marang raja Mesir, "Kowé bakal ngadhepi
pedhangé raja Babil.

12 Aku bakal nekakaké serdhadhu-
serdhadhu sing ambek siya saka bangsa
ngendi-endi. Bakal padha ngunus
pedhangé matèni para kawulamu
kabèh. Wongmu kabèh, lan samubarang
liyané sing kokegung-egungaké bakal
disirnakaké.
13 Raja-rajamu bakal Dakpatèni ing
panggonané ngombé. Mula bakal ora
ana manungsa utawa kéwan sing gawé
butheké banyu menèh.
14 Banyu-banyu bakal menep lan bali
bening menèh, kali-kali bakal anteng
iliné.
15 Samasa Mesir wis Dakdadèkaké sepi
mamring lan apa sing urip ing kana
wis Daktumpes kabèh, ing kono wong
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran Kang
Mahakwasa.
16 Pepéling sing tandhes iki dadia
nyanyiané wong kepatèn. Para
wong wadoné bangsa-bangsa bakal
ngidungaké nyanyian kuwi kanggo
nangisi Mesir lan penduduké sing padha
mati. Mengkono pangandikané Pangéran
Kang Mahakwasa."
17 Nalika enggonku padha ana ing
pembuwangan nyandhak taun ping

rolas, ing sasi kapisan tanggal limalas,
Pangéran ngandika marang aku,
18 "Hé wong apes, wong Mesir pirang-
pirang sing padha mati kuwi tangisana.
Wong-wong sing padha mati lan para
rajané bangsa-bangsa sing gedhé
pangwasané kuwi cemplungna ing
donyané wong mati.
19 Kowé munia mengkéné, ‘Apa kokkira
kowé kuwi luwih becik ketimbang
karo wong-wong liyané? Kowé bakal
kacemplungaké ana ing donyané wong
mati, lan ana ing kono bebarengan karo
wong sing ora kenal karo Allah.’
20 Wong-wong Mesir bakal kalebokaké
ing donyané wong mati, bebarengan
karo wong-wong sing padha mati ana
ing peprangan. Pedhangé wis kaunus,
kanggo matèni wong mau kabèh.
21 Para pahlawan sekti sing biyèn
dadi balané Mesir, padha methukaké
wong-wong Mesir sing mlebu ana ing
donyané wong mati. Padha surak-surak
mengkéné, ‘Wong-wong sing padha ora
kenal karo Allah lan mati ing sajroning
peprangan padha teka lan saiki padha
amor ana ing kéné!’

22 Asyur ana ing kono, dikubengi
pekuburan-pekuburané para
serdhadhuné.
23 Kuwi kabèh padha mati ing sajroning
peprangan, kuburané ana ing donyané
wong mati sing jero dhéwé. Kabèh
serdhadhuné sing mati ing peprangan
ana ing kono, lan kuburané padha
ngubengi Asyur. Nanging dhèk biyèn
wong-wong mau tau gawé girisé wong
urip.
24 Élam iya ana ing kono, dikubengi
kuburané serdhadhu-serdhadhuné.
Wong mau kabèh matiné ana ing
peprangan, lan mlebu ing donyané wong
mati tanpa kenal karo Allah. Nalika uripé
padha nggegirisi, nanging saiki padha
gemléthak mati, diasoraké banget.
25 Élam amor karo wong-wong sing
padha mati ana ing peprangan,
kinubengan déning kuburané serdhadhu-
serdhadhuné kabèh. Kuwi kabèh wong
sing padha ora tepung karo Gusti Allah,
lan mati ana ing peprangan. Nalika
uripé padha nggegirisi, nanging saiki
gemléthak lan diasoraké banget. Nasibé
padha karo wong-wong liyané sing
padha mati ana ing peprangan.

26 Mèsèkh lan Tubal iya ana ing kono,
dikubengi kuburané para serdhadhuné.
Kuwi kabèh wong sing padha ora
wanuh karo Allah, lan matiné ana ing
peprangan. Éwasemono dhèk biyèn
padha dadi girisé wong urip.
27 Wong-wong mau padha dikubur
nganggo pakurmatan, kaya carané wong
ngubur pahlawan dhèk jaman kuna. Para
pahlawan mau mlebu ing donyané wong
mati nganggo sandhangan perwira lan
digawani gegamané kabèh. Pedhangé
disèlèhaké ing sangisoré sirahé lan
tangané ditumpangaké ana ing awaké.
Para pahlawan mau dhèk biyèn gedhé
pangwasané lan gawé girisé wong urip.
28 Kaya mengkono kuwi para wong
Mesir enggoné gemléthak ana ing
antarané wong sing mati ing peprangan,
sing padha ora kenal karo Allah.
29 Édom iya ana ing kono karo para
rajané lan para penggedhéné. Biyèn dadi
perwira-perwira sing gedhé pangwasané,
nanging saiki padha gemléthak ana
ing donyané wong mati, awor karo
wong-wong sing padha ora kenal karo
Allah, lan padha mati ana ing peprangan.

30 Para bangsawan negara-negara
sisih Lor iya padha ana ing kono, lan
wong-wong Sidon. Wong-wong kuwi
dhèk biyèn padha nggegirisi, nanging
saiki padha nandhang sangsara ana
ing donyané wong mati, amor karo
wong sing mati ana ing peprangan,
wong-wong sing padha ora kenal karo
Allah.
31 Ndeleng wong sing mati ana ing
peprangan kuwi bakal dadi panglipur
kanggoné raja Mesir lan tentarané.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa.
32 Raja Mesir pancèn Dakdadèkaké
nggegirisi kanggo wong urip, nanging
wong mau lan tentarané bakal dipatèni
lan gemléthak amor karo wong-
wong sing ora wanuh karo Allah,
sing padha mati ana ing peprangan.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa."

33 1 Pangéran ngandika marang aku
mengkéné,
2 "Hé wong apes, pangandika-Ku iki
terusna marang bangsamu, yèn Aku ne
kakaké peprangan ing sawijining negara,

wong-wong ing negara mau rak milih
wong jaga siji.
3 Yèn wong mau weruh mungsuh teka,
banjur ngunèkaké slomprèt kanggo
ngabari saben wong yèn ana mungsuh
teka.
4 Yèn ana wong sing krungu swarané
slomprèt, nanging emoh nggatèkaké,
samasa mungsuh teka matèni wong
mau, matiné kuwi merga saka salahé
dhéwé.
5 Patiné ditanggung dhéwé merga ora
nggatèkaké pepéling. Yèn nggatèkaké,
rak bisa oncat.
6 Nanging yèn wong jaga mau weruh
ana mungsuh teka, mangka ora
ngunèkaké slomprèt, mungsuh mau
satekané banjur bakal matèni wong-
wong ing kono, wong jaga mau kudu
nanggung patiné wong-wong sing padha
dipatèni kuwi.
7 Mulané, hé Yéhezkièl, kowé bakal
Dakdadèkaké penjagané bangsa Israèl.
Samasa kowé krungu pangandika-Ku,
wong-wong nuli padha élingna.
8 Samasa Aku ngandika marang wong
duraka yèn bakal mati, mangka kowé ora
ngélingaké supaya mratobat, lan tetep

urip, wong mau bakal mati merga saka
durakané, nanging Aku bakal mundhut
tanggung jawab bab nyawané marang
kowé.
9 Nanging menawa kowé ngélingaké
wong duraka mau supaya mratobat,
mangka wongé emoh mratobat, wong
kuwi bakal mati merga saka pialané,
nanging nyawamu dhéwé bakal slamet."
10 Pangéran ngandika marang aku,
"Yéhezkièl, wong Israèl kandhanana
mengkéné, ‵Kowé padha muni, aku
padha nyangga sakèhé dosaku lan
penggawéku sing ala, mula aku padha
tiwas. Kepriyé bisaku padha lestari urip?′
11 Wong-wong kuwi kandhanana, ‵Demi
Aku iki Pangéran Kang Mahakwasa,
Allah kang gesang, Aku ora ngersakaké
patiné wong ala. Nanging ngersakaké
mratobaté, supaya lestaria urip. Sing
Dakkersakaké supaya padha marèni
enggoné nglakoni duraka lan padha
lestaria urip. Mulané hé Israèl, marènana
enggonmu gawé dosa. Yagéné kowé
padha seneng mati?′
12 Hé Yéhezkièl, wong Israèl
kandhanana, yèn ana wong mursid gawé
dosa, wong mau bakal ora dislametaké

déning penggawé becik sing wis dilakoni.
Yèn wong jahat marèni pialané, wong
mau bakal ora kaukum, lan wong mursid
sing nglakoni dosa ora bakal diéman.
13 Senajan Aku janji paring urip karo
wong mursid, nanging samasa wong
mau duwé rumangsa yèn kamursidané
sing uwis-uwis kuwi wis cukup, banjur
nglakoni dosa, Aku bakal ora ngélingi
kamursidané sing wis kepungkur. Wong
mau bakal mati merga saka dosané.
14 Senajan Aku wis ngélingaké wong
ala yèn bakal mati, mangka wong mau
banjur marèni enggoné gawé dosa sarta
nglakoni sing bener lan becik,
15 kayata mbalèkaké barang sing
kanggo tanggungan utang marang wong
mau, utawa mbalèkaké barang sing
dicolong, sarta wong mau banjur netepi
dhawuh-dhawuh sing njalari urip, wong
mau bakal ora mati.
16 Dosa-dosa sing wis dilakoni bakal
Dakapura, lan wong mau bakal lestari
urip merga wis nglakoni sing bener lan
becik.
17 Wong Israèl iya padha muni, yèn
apa sing Daktindakaké mau ora bener!

Nanging ora mengkono. Sing ora bener
wong kuwi.
18 Yèn ana wong mursid ninggal
kamursidané lan nglakoni piala, kuwi
mesthi bakal mati merga saka pialané
mau.
19 Kosokbaliné yèn wong duraka ninggal
durakané, banjur nglakoni sing bener
lan becik, mesthi bakal urip merga saka
tumindaké mau.
20 Nanging Israèl kandha yèn apa
sing Daktindakaké kuwi ora bener! Yèn
mengkono kowé bakal Dakadili manut
kelakuanmu dhéwé-dhéwé."
21 Nalika enggonku padha kabuwang
nyandhak taun ping rolas, ing sasi ping
sepuluh, dina kalima, aku ketekan wong
sing oncat saka Yérusalèm, kandha yèn
Yérusalèm wis karebut déning mungsuh.
22 Soré sadurungé tekané wong mau
aku dikwaosi déning Rohé Pangéran.
Bareng wong mau teka, aku bisa caturan
menèh.
23 Pangéran ngandika marang aku,
24 "Yéhezkièl! Wong-wong sing padha
manggon ana ing jejugrugané kutha-
kuthané Israèl kuwi padha duwé
pocapan mengkéné, ‘Abraham nalika isih

piyambakan kaparingan tanah iki kabèh
dadi pusakané. Saiki kita wis dadi akèh,
mulané tanah iki kabèh dadi pusaka kita
kabèh.'"
25 Kandhaa karo wong-wong mau
yèn Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika marang wong-wong mau
mengkéné, "Kowé padha mangan
daging sing isih ana getihé. Kowé padha
nyembah brahala lan matèni wong.
Ketemu pirang prekara kok kowé bisa
kandha yèn tanah iki duwèkmu?
26 Kowé padha ngendelaké pedhangmu.
Tingkah-lakumu nistha, sebab angger
wong ing antaramu padha nylèwèng. Apa
sebabé déné kowé duwé penganggep
yèn tanah iki duwèkmu?
27 Kandhaa karo wong-wong mau,
demi Aku iki Pangéran mahakwasa
kang gesang, sakèhé wong sing padha
manggon ana ing jejugrugané kutha-
kutha ing Israèl kuwi bakal dipatèni
kabèh. Sing padha manggon ana ing
sanjabané kutha bakal padha mati
dipangan kéwan galak. Sing padha
manggon ing pegunungan lan ing
guwa-guwa bakal padha mati déning
pageblug.

28 Tanah mau bakal dadi ara-ara samun,
lan pangwasané sing diumukaké bangsa
kuwi bakal tamat. Gunung-gunungé
tanah Israèl bakal kebak bebaya, nganti
ora ana wong sing wani liwat ing kono.
29 Yèn wis ngrasakaké paukuman-Ku
bab dosa-dosané, wong-wong mau
lagi bakal padha ngerti yèn Aku iki
Pangéran."
30 Pangandikané Pangéran menèh
mengkéné, "Yéhezkièl! Wong Israèl
padha ngrasani kowé samasa lagi
padha kumpulan lan ana ing omahé
dhéwé-dhéwé. Tembungé, ‘Ayo padha
nekani Yéhezkièl, ana pangandikané
Pangéran apa marang kita.’
31 Umat-Ku padha nglumpuk arep
ngrungokaké apa sing bakal
Dakkandhakaké, nanging apa sing
kokkandhakaké mau padha ora dilakoni.
Tembungmu mung dianggep kekidungan,
mulané padha nerusaké lakuné sing ala.
32 Kowé mung dianggep wong mbarang
sing menyanyi karo nabuh clempung.
Padha krungu tembungmu, nanging
padha ora ngrèwès sethithik-thithika.
33 Nanging mbésuk menawa
tembungmu ketitik nyata — lan

kuwi bakal kelakon — wong-wong
mau bakal ngerti yèn ana nabi ing
satengahé."

34 1 Pangandikané Pangéran marang
aku,
2 "Hé Yéhezkièl, wartakna marang
para penggedhé ing Israèl. Medhara
wangsit marang wong-wong kuwi,
kandhanana apa sing dadi dhawuh-Ku,
Pangéran Kang Mahakwasa, mengkéné,
‘Cilaka kowé, para pangoné Israèl! Kowé
padha mikir awakmu dhéwé, padha ora
ngrumati wedhusmu.
3 Powané padha kokombé, wuluné
kokenggo gawé sandhangan, nanging
wedhus sing becik dhéwé kokpatèni lan
dagingé kokpangan.
4 Wedhus sing ringkih ora kokrumat,
sing lara ora koktambani, sing tatu ora
kokblebed, sing kesasar ora kokgawa
bali, sing ilang ora kokgolèki. Malah sing
kuwat koksiya-siya.
5 Sarèhné ora duwé pangon, wedhus-
wedhus mau padha buyar, mula padha
dimangsa déning kéwan galak.
6 Wedhus-Ku padha nglambrang ana
ing pegunungan lan gunung-gunung
sing dhuwur. Padha sumebar ana ing

salumahé bumi, mangka ora ana sing
ngopèni utawa nggolèki.
7 Mulané hé para pangon, rungokna
pangandika-Ku.
8 Demi Aku iki Pangéran Kang
Mahakwasa, kang sipat gesang, padha
ngrungokna dhawuh-Ku. Para wedhus-
Ku padha ditubruk déning kéwan galak,
dipatèni lan dimangsa, merga padha
ora duwé pangon sing ngawasi. Para
pangon-Ku padha ora niyat nggolèki lan
nemokaké wedhus-wedhus mau. Para
pangon mung padha mikiraké awaké
dhéwé, lan ora mikir wedhusé.
9 Mulané saiki padha rungokna, hé para
pangon.
10 Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika, kowé bakal Dakmungsuh,
wedhus-wedhus-Ku bakal Dakpundhut
saka kowé, lan kowé bakal Daklèrèni
enggonmu dadi pangon ing selawas-
lawasé. Nanging kowé iya bakal ora
bisa mikir awakmu dhéwé. Wedhus-
wedhus-Ku bakal Dakuwalaké saka
kowé, mula kowé bakal ora bisa mangan
wedhus-wedhus mau.’"

11 "Aku Pangéran Kang Mahakwasa
bakal madosi wedhus-wedhus-Ku lan
bakal Dakrumati,
12 kaya caranè pangon ngrumati
wedhus-wedhusé sing sumebar lan
diklumpukaké menèh. Bakal padha
Dakklumpukaké saka ing pangonan-
pangonan enggoné kabuyaraké, nalika
ana pepeteng lan bebaya.
13 Bakal Dakluwari saka satengahé
bangsa-bangsa manca, banjur
Dakklumpukaké dadi siji sarta Dakirid
mulih menyang tanahé dhéwé. Bakal
padha Daktuntun bali menyang gunung-
gunung lan kali-kaliné Israèl sarta
Dakengon ana ing pangonan sing
nyegeraké.
14 Mula bakal padha nyenggut karo
ayem ana ing pasuketan ing gunung-
gunung lan lembah-lembah sarta ing
pangonan-pangonan sing ana ing Israèl.
15 Aku dhéwé sing bakal dadi pangoné
wedhus-wedhus-Ku, sarta sing bakal
nyawisaké papan pengasoan. Mengkono
pangandikané Pangéran.
16 Wedhus sing ilang bakal Dakgolèki,
sing kesasar bakal Dakulihaké, sing
tatu bakal Dakblebed, sing lara bakal

Daktambani. Nanging sing lemu lan sing
rosa bakal Daksirnakaké, merga Aku iki
Pangon sing nindakaké apa samesthiné.
17 Hé para wedhus-Ku, Aku Pangéran
Kang Mahakwasa bakal ngadili wedhus-
wedhus-Ku siji-sijiné. Sing becik bakal
Dakpisah saka sing ala, sing gèmbèl
Dakpisah saka sing bérok.
18 Ing antaramu ana sing ora marem
nyenggut suket sing becik dhéwé, ora
kokpangan malah kokidak-idak! Banyu
bening sing kokombé, dudu sing buthek!
19 Wedhus-Ku liya-liyané kudu mangan
suket sing kokidak-idak lan ngombé
banyu sing kokubek-ubek.
20 Mulané, Aku Pangéran Kang
Mahakwasa bakal nindakaké keadilan
ing satengahé wedhus-wedhus sing rosa
lan sing ringkih.
21 Wedhus-wedhus sing laranen
kokdhesek minggir lan kokgusah nganti
metu saka pepanthan.
22 Nanging wedhus-wedhus kuwi bakal
Dakluwari lan ora bakal Daktégakaké
kasiya-siya. Saben wedhus-Ku bakal
Dakrengkuh kanthi adil, sing becik bakal
Dakpisah saka sing ala.

23 Aku bakal ngangkat pangon dadi
ratuné, kaya Dawud abdi-Ku. Pangon
sing bakal ngrumati wedhus-wedhus-Ku.
24 Aku, Pangéran, bakal jumeneng dadi
Allahé, lan bakal ana ratu kaya abdi-Ku
Dawud sing bakal mrenata. Mengkono
dhawuh-Ku.
25 Aku bakal nganakaké prejanjian karo
umat-Ku sing nanggung yèn umat-Ku
bakal urip ayem tentrem. Sakèhé
kéwan galak ing tanah kéné bakal
Daksirnakaké, nganti wedhus-wedhus-
Ku uripé ana ing pangonan krasa aman,
lan padha bisa turu ana ing alas.
26 Wedhus-wedhus-Ku mau bakal
Dakberkahi lan Dakpapanaké ing
sakubengé gunung-Ku sing suci. Ana
ing kono bakal padha Dakberkahi,
Dakparingi udan ing mangsané.
27 Wit-witané bakal metokaké woh,
palemahané bakal ngasilaké panèn, lan
angger wong bakal urip kanthi tentrem
lan ayem ana ing omahé dhéwé-dhéwé.
Samasa blengguné wis Dakpedhot lan
umat-Ku wis Dakluwari saka tangané
wong-wong sing ndadèkaké baturtukon,
ing kono umat-Ku bakal ngerti yèn Aku
iki Pangéran.

28 Umat-Ku bakal ora dijarah-rayah
menèh déning para wong kapir, sarta
ora dipatèni lan dimangsa déning kéwan
galak. Uripé bakal tentrem-rahayu lan
ora ana wong sing bakal ngganggu
menèh.
29 Palemahané bakal Dakgawé subur,
lan ing tanah kono bakal ora ana paceklik
menèh. Bangsa-bangsa liya bakal padha
lèrèn enggoné moyoki umat-Ku.
30 Saben wong bakal ngerti yèn Aku
piyambak sing dadi tetamèngé, lan
wong-wong kuwi umat kagungan-Ku.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa.
31 Hé para wedhus-Ku, pepanthan
ngongonan-Ku. Kowé kuwi umat-
Ku, lan Aku iki Allahmu. Mengkono
pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa."

35

1 Pangéran ngandika marang aku,
2 "Yéhezkièl! Wartakna marang
tanah Édom;
3 kandhakna karo wong Édom yèn Aku,
Kang Mahakwasa ngandika mengkéné,
'Aku iki mungsuhmu, hé pegunungan
Édom! Kowé bakal Dakdadèkaké tanah
sing sepi mamring.

4 Kutha-kuthamu bakal Dakdadèkaké
jugrugan, lan tanahmu bakal suwung.
Yèn wis mengkono kowé bakal ngerti
yèn Aku iki Pangéran.
5 Kowé kuwi mungsuhé Israèl turun-
temurun, lan nalika Israèl kaukum
merga saka dosa-dosané akèh wong
Israèl sing kokpatèni.
6 Mulané, demi gesang-Ku, Pangéran
Kang Mahakwasa, kowé bakal Dakukum
pati, lan kowé bakal ora bisa oncat. Kowé
wis ngwutahaké getih, mulané getihmu
bakal kawutahaké.
7 Wilayah pegunungané Édom bakal
Dakgawé sepi mamring, lan angger
wong sing liwat kono bakal Dakpatèni.
8 Pegunungané Édom bakal Dakkebaki
bangké, semono uga punthuk-punthuk
lan lembah-lembah bakal kebak jisimé
wong sing padha mati ing peprangan.
9 Tanah Édom bakal Dakdadèkaké
ara-ara samun ing selawas-lawasé, lan
ora ana wong sing bakal gelem manggon
ing kutha-kuthané menèh. Mulané kowé
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.
10 Kowé padha kandha yèn bangsa
Yéhuda lan bangsa Israèl lan tanah-
tanahé kuwi duwèkmu lan karo-karoné

arep kokkwasani, senajan kowé ngerti
yèn Aku iki Allahé Yéhuda lan Israèl.
11 Mulané demi gesang-Ku, Pangéran
Kang Mahakwasa, kowé bakal Dakwales
merga kowé wis muring, mèri, lan
sengit karo umat-Ku. Umat-Ku bakal
ngerti yèn kowé Dakukum merga saka
penggawému.
12 Lan kowé bakal ngerti yèn Aku iki
Pangéran, sing midhanget sakèhing
pangala-ala, sing kokucapaké marang
gunung-gunungé Israèl, yakuwi gunung-
gunung sing wis dadi sepi mamring lan
diulungaké minangka panganmu.
13 Aku iya miyarsakaké enggonmu
nyuwara sora lan angkuh nyenyamah
asma-Ku.
14 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
menèh mengkéné: Kowé bakal
Dakdadèkaké sepi mamring lan wong
salumahing bumi bakal padha mèlu
bungah samasa kowé Dakrubuhaké.
15 Padha dhèk kowé bungah nalika
Israèl, umat kagungan-Ku, Daktumpes.
Mangka kowé iya bakal Dakgawé
mengkono. Gunung-gunungé Séir,
semono uga tanah Édom kabèh, bakal

dadi ara-ara samun, nganti angger wong
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.’"

36

1 Pangandikané Pangéran marang
aku, "Yéhezkièl, medhara
wangsit marang gunung-gunungé Israèl,
tuturana supaya padha ngrungokaké
pangandika-Ku.
2 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
marang gunung-gunung mau, ‘Para
mungsuhé Israèl padha seneng nyawang
kasangsarané Israèl, sarta padha muni:
Gunung-gunung kuwi duwèk kita!’
3 Mulané mecaa lan wartakna
pangandika-Ku, Pangéran Kang
Mahakwasa, yèn samasa para bangsa
ing sakiwa-tengené Israèl padha
nelukaké Israèl lan njarah-rayah
gunung-gunungé Israèl, wong-wong
mau padha ngina Israèl.
4 Mulané rungokna pangandika-Ku,
Pangéran Kang Mahakwasa, ‘Hé gunung-
gunung lan punthuk-punthuk, kali-kali
lan lembah-lembah, sarta désa-désa sing
dadi reruntuhan lan kutha-kutha sing
suwung sawisé dijarah-rayah lan digawé
pepoyokan déning bangsa-bangsa ing
sakubengé.

5 Aku, Pangéran Kang Mahakwasa ngandika karo duka marang para bangsa sakubengé Israèl, luwih-luwih karo Édom. Kalawan bungah lan angkuh enggoné nelukaké tanah kagungan-Ku sarta padha ngebèki pangonan-pangonan-Ku.
6 Mulané mecaa marang Israèl, kandhaa karo gunung-gunungé, punthuk-punthuké, kali-kaliné lan lembah-lembahé, pangandika-Ku sing Dakwedharaké sajroning bentèring penggalih-Ku bab caranė bangsa-bangsa mau mirangaké lan ngasoraké umat-Ku Israèl.
7 Demi nama-Ku, Pangéran Kang Mahakwasa, bangsa-bangsa sakubengé Israèl bakal Dakasoraké.
8 Nanging ana ing gunung-gunungé Israèl wit-witan bakal tuwuh menèh metokaké godhong lan woh kanggo umat-Ku Israèl. Ora suwé menèh kowé bakal bali menyang tanahmu dhéwé.
9 Aku bakal ngayomi kowé lan palemahanmu bakal digarap sarta disebari wiji menèh.
10 Cacahmu bakal Dakgawé saya tambah akèh, lan kowé bakal padha

manggon ana ing kutha-kutha tilas
jugrugan sing kabangun menèh.
11 Wong lan kéwan bakal Dakgawé
bebranahan, lan bakal wuwuh akèh.
Cacahé bakal ngungkuli sing uwis-uwis,
lan kowé bakal padha duwé anak
akèh. Kowé bakal padha manggon
ing pomahanmu kaya sing uwis-uwis
sarta katentremanmu bakal ngungkuli
jaman-jaman kepungkur. Mula kowé
bakal ngerti yèn Aku iki Pangéran.
12 Kaya mengkono carané enggon-Ku
bakal mbalèkaké umat-Ku Israèl
menyang papan padunungané menèh.
Tanah kuwi bakal dadi duwèkmu menèh
lan anak-turunmu bakal ora ngalami
mati kaliren selawas-lawasé.’
13 Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika, ‘Pancèn bener kandhané wong
menawa tanah iki diarani nyirnakaké
bangsa sing manggon ana ing kono.
14 Nanging saiki tanah kéné bakal ora
njalari patiné anak-anaké bangsa iki.
Aku, Pangéran Kang Mahakwasa sing
ngandika mengkono.
15 Wong-wong bakal ora ngrasani ala
menèh karo bangsa iki, utawa nacad lan
moyoki umat-Ku. Tanah iki bakal ora

nyirnakaké umat-Ku lan anak-anaké.
Mengkono pagandikané Pangéran Kang
Mahakwasa.’"
16 Pangandikané Pangéran marang aku
mengkéné,
17 "Yéhezkièl! Nalika padha manggon
ana ing tanahé, Israèl gawé najisé tanah
mau merga solah-tingkahé. Kelakuané
ana ing ngarsa-Ku kaya déné najisé
wong wadon sing lagi nggarap sari.
18 Mulané padha Dakdhawahi
paukuman-Ku merga enggoné padha
gawé pepati, sarta merga enggoné
nyembah brahala, nganti padha gawé
najisé tanah kono.
19 Merga saka tingkah-lakuné sing
mengkono mau Israèl Dakdhawahi
paukuman sarta Daksebar menyang
tanah manca.
20 Menyanga ngendi waé parané, wong-
wong kuwi mirang-mirangaké asma-Ku,
merga saben wong banjur muni, ‘Wong-
wong kuwi padha ditundhung saka tanah
sing diparingaké déning Allahé.’
21 Mulané Aku gerah ing penggalih,
merga asma-Ku kang suci dinajisaké
déning wong Israèl ana ing satengahé
bangsa-bangsa sing padha ditekani.

22 Mulané Aku Pangéran Kang Mahakwasa ngandika marang wong-wong kuwi lan pangandika iki kandhakna, ‘Ora merga saka kowé, Israèl, enggon-Ku tumindak kuwi, nanging merga saka asma-Ku kang suci, sing koknajisaké ana ing satengahé para bangsa sing padha koktekani.
23 Aku bakal nucèkaké asma-Ku kang luhur sing wis koknajisaké ana ing satengahé para bangsa mau. Mulané para bangsa bakal padha ngerti, yèn Aku iki Pangéran. Aku Pangéran Kang Mahakwasa sing ngandika. Aku bakal ngetingalaké marang para bangsa yèn Aku iki Allah kang mahasuci.
24 Kowé bakal Dakpundhut saka saben bangsa lan negara, Dakulihaké menyang tanahmu dhéwé.
25 Sabanjuré kowé bakal Dakkepyuri banyu bening kanggo ngresiki sakèhing brahala lan penggawému sing gawé najismu.
26 Kowé bakal Dakparingi ati anyar lan roh anyar ana ing sajroning batinmu. Atimu sing wangkot lan atos kaya watu bakal Daksingkiraké lan kowé bakal Dakparingi ati sing mbangun-turut.

27 Roh-Ku bakal Dakparingaké supaya
dumunung ana ing batinmu lan Aku
bakal ndadèkaké kowé padha urip manut
sakèhing dhawuh-Ku lan tansah netepi
prenatan-prenatan-Ku.
28 Sawisé mengkono kowé bakal
manggon ana ing tanah sing
Dakparingaké marang para leluhurmu.
Kowé bakal padha dadi umat-Ku lan Aku
dadi Allahmu.
29 Kowé bakal Dakluwari saka sakèhé
dosa lan najismu. Aku bakal ndhawuhaké
supaya panènmu gandum metu nganti
turah-turah, nganti kowé ora bakal
ngalami paceklik menèh.
30 Pametuné woh-wohanmu bakal
Dakgawé akèh, semono uga pametuné
palemahanmu, mula bakal ora ana
paceklik menèh sing mirang-mirangaké
kowé ana ing satengahé para bangsa.
31 Kowé bakal tansah kèlingan karo
tingkah-lakumu sing ala, lan sakèhé
panerakmu, nganti kowé bakal padha
éwa karo awakmu dhéwé merga saka
dosa-dosa lan kanisthan sing wis
koklakoni.
32 Israèl, ngertia yèn pendamel-Ku
kuwi mau kabèh ora merga kowé,

nanging supaya kowé padha rumangsa
isin lan wirang marang sakèhé piala
lan kanisthan sing wis koklakoni.
Aku, Pangéran Kang Mahakwasa sing
ngandika.’"
33 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa, "Menawa kowé wis
Dakresiki saka sakèhé dosa-dosamu,
kowé bakal Dakparengaké ngenggoni
kutha-kuthamu menèh lan mbangun
reruntuhané.
34 Saben wong sing tau liwat ing
palemahanmu padha weruh enggoné
bera lan kethukulan rerungkudan.
Nanging kowé bakal Dakparengaké
nggarap palemahanmu menèh.
35 Saben wong ngrasani yèn lemah
sing biyèn kaya alas kuwi saiki dadi
kaya petamanan Éden. Mengkono uga
kutha-kutha sing biyèn dijugrugaké,
dirampog lan rupa jugrugan, saiki wis
dienggoni lan ditémbok mubeng.
36 Déné kekarèné bangsa-bangsa sing
isih urip bakal padha ngerti yèn Aku,
Pangéran kwasa mbangun kutha sing
rupa reruntuhan lan nanduri menèh
palemahan sing mauné bera. Aku,
Pangéran, janji, yèn bakal nindakaké

kuwi kabèh, lan ya mesthi kelakon
mengkono."
37 Pangandikané Pangéran marang aku,
"Yéhezkièl, Aku ngersakaké supaya wong
Israèl sepisan menèh nyuwun tulung
marang Aku, mula Aku bakal nambahi
cacahé, nganti dadi kaya pepanthané
wedhus gèmbèl.
38 Kutha-kutha sing mauné rupa
jugrugan bakal bali kebak wong menèh,
kaya dhèk biyèn kutha kuwi kebak
wedhus gèmbèl sing dienggo kurban ing
dina riaya. Ing kono bakal padha ngerti
yèn Aku iki Pangéran."

37 1 Aku banjur dikwaosi déning
Rohé Allah, sing ngangkat lan
mapanaké aku ana ing lembah, sing
kebak balung.
2 Aku diirid ngubengi lembah mau; aku
weruh saiba akèhé balung sing ana ing
kono, mangka balung-balung mau padha
garing banget.
3 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné, "Hé Yéhezkièl, apa
balung-balung kuwi bisa urip menèh?"
Atur wangsulanku, "Dhuh Allah, namung
Paduka piyambak ingkang pirsa!"

4 Pangandikané Pangéran, "Medhara wangsit marang balung-balung kuwi. Balung-balung sing garing kuwi kandhanana supaya ngrungokaké pangandikané Pangéran.
5 Kandhaa yèn Aku Pangéran Kang Mahakwasa ngandika mengkéné, ‘Kowé bakal Dakparingi ambekan lan bali urip menèh.
6 Kowé bakal Dakparingi otot lan daging, sarta Daktutupi kulit. Kowé bakal Dakparingi ambekan supaya bali urip menèh. Supaya kowé ngerti yèn Aku iki Pangéran.’"
7 Aku banjur medhar wangsit kaya sing didhawuhaké. Nalika aku lagi guneman, aku krungu swara pating kropyak, lan balung-balung mau padha nglumpuk dadi siji.
8 Aku ndeleng balung-balung mau enggoné katutup ing otot, banjur daging lan wekasané katutup ing kulit, nanging durung padha ambekan.
9 Gusti Allah banjur ngandika marang aku, "Hé Yéhezkièl, medhara wangsit marang angin. Kandhaa marang angin yèn didhawuhi Pangéran teka saka kéblat papat lan nyebula ambekan ana

ing badan-badan sing mati kuwi, supaya padha urip menèh."
10 Aku banjur medhar wangsit kaya sing didhawuhaké Gusti Allah marang aku. Badan-badan mau banjur padha wiwit ambekan, nganti padha urip menèh lan padha ngadeg. Cacahé akèh banget, nganti cukup saupama kadadèkna tentara.
11 Pangandikané Pangéran marang aku, "Yéhezkièl, umat Israèl ora béda karo balung-balung kuwi. Wong-wong mau padha muni dhéwé yèn balungé wis dadi garing, wis padha ora duwé pengarep-arep lan bakal sirna.
12 Mulané medhara wangsit marang umat-Ku Israèl, kandhanana, yèn Aku Pangéran Kang Mahakwasa bakal mbukak kubur-kuburé. Wong-wong bakal padha Daktangèkaké sarta Dakirid bali menyang tanah Israèl.
13 Yèn kubur-kuburé Dakbukak lan padha Daktangèkaké, ing kono bakal padha ngerti yèn Aku iki Pangéran.
14 Roh-Ku bakal Dakparingaké ana ing njeroné, mula bakal padha urip menèh lan bakal Dakbalèkaké menyang tanahé dhéwé. Ing kono wong-wong mau bakal

ngerti yèn Aku iki Pangéran. Aku wis janji
bakal nindakaké kuwi mau kabèh lan
bakal kelakon. Mengkono pangandikané
Pangéran."
15 Pangéran ngandika menèh marang
aku,
16 "Yéhezkièl, kowé njupuka kayu lan
tulisana mengkéné: ‘Kraton Yéhuda’.
Nuli njupuka kayu siji menèh, tulisana:
‘Kraton Israèl’.
17 Pucuké kayu sing siji gathukna
karo bongkoté sing sijiné; panggonané
gathukané mau cekelen, mula kayu loro
mau katon kaya kayu siji sing wutuh.
18 Yèn wong-wong padha takon karo
kowé apa tegesé kuwi mau,
19 padha kandhanana yèn Aku Pangéran
Kang Mahakwasa, Aku bakal mundhut
kayu sing mrelambangaké Israèl lan
kayu sing mrelambangaké Yéhuda,
karo-karoné bakal Dakdadèkaké kayu
siji lan Dakasta dadi siji bebarengan.
20 Kayu loro kuwi cekelen lan tuduhna
marang wong-wong supaya padha
weruh.
21 Wong-wong mau banjur kandhanana
yèn Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
bakal nimbali para wong Israèl saka

satengahé bangsa-bangsa sing ditekani,
banjur dikempalaké lan diirid bali
menyang tanahé dhéwé.
22 Wong-wong mau bakal Dakdadèkaké
bangsa siji ana ing tanahé, ana ing
gunung-gunungé Israèl. Bakal padha
dierèh déning raja siji, lan bakal ora
kapisah dadi bangsa loro utawa kapecah
dadi kraton loro.
23 Bangsa mau bakal ora najisaké
awaké menèh nganggo brahala lan
reca-reca sing njijiki, lan srana pialané.
Wong-wong bakal Dakluwari saka sakèhé
dosané sing njalari padha nyingkur Aku.
Umat mau bakal lestari, nganti bakal
padha dadi umat-Ku lan Aku bakal dadi
Allahé.
24 Wong kaya abdi-Ku Dawud bakal dadi
rajané. Iya mung raja kuwi sing bakal
ngerèh, lan sabangsa kabèh bakal padha
netepi pepakon-pepakon-Ku kalawan
setya.
25 Umat mau bakal padha manggon
ana ing tanah sing Dakparingaké
marang Yakub, abdi-Ku; tanah sing
dienggoni déning para leluhuré. Ana ing
kono umat-Ku bakal padha manggon
ing selawas-lawasé, mengkono uga

anak-anaké turun-temurun, bakal padha
dierèh déning raja, kaya abdi-Ku Dawud,
ing selawas-lawasé.
26 Aku bakal damel prejanjian
karo wong-wong mau lan nekakaké
katentreman. Wong-wong mau bakal
padha Dakslametaké sarta cacahé bakal
Dakgawé akèh banget. Pedaleman-Ku
bakal Dakyasa menèh lan bakal ngadeg
selawasé ana ing kono.
27 Aku bakal ana ing satengahé,
jumeneng dadi Allahé lan wong-wong
bakal dadi umat-Ku.
28 Sarèhné Pedaleman-Ku ana ing
satengahé umat-Ku ing selawasé,
mulané para bangsa bakal padha
ngerti yèn Aku iki Pangéran, sing wis
milih Israèl dadi umat kagungan-Ku
piyambak."

38

1 Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné,
2 "Yéhezkièl, medhara wangsit kanggo
Gog maharaja ing Mèsèkh lan Tubal ing
tanah Magog.
3 Wartakna lan kandhanana yèn
Aku, Pangéran Kang Mahakwasa iki
mungsuhé.

4 Kowé bakal Dakgèrèd nganggo tali ing
irungmu lan Dakbekta metu bebarengan
karo pasukan-pasukané. Tentarané
jaranan sing padha nganggo pakéan
seragam kuwi cacahé akèh banget, lan
saben prejurit sikep gegaman pedhang
lan tamèng.
5 Wong saka Pèrsia, Sudan lan Libia
padha mèlu lan wong mau kabèh padha
nganggo tropong karo tamèng.
6 Sakèhé wong ing tanah-tanah Gomèr
lan Bèt-Togarma ing sisih Lor sing
padha ahli perang, kabèh padha dadi
balané, mengkono uga wong akèh saka
negara-negara liyané.
7 Kandhanana supaya wong-wong kuwi
siap, mengkono uga tentarané supaya
siyaga maju ing perang.
8 Sawisé sawetara lawas bakal
Dakdhawuhi nglurug perang menyang
tanah panggonané bangsa sing
diklumpukaké saka ing antarané
bangsa-bangsa, sarta urip tentrem tanpa
ngalami pepranganan. Gog bakal jumedhul
nyerbu ing gunung-gunungé Israèl, sing
wis lawas suwung lan sepi mamring,
nanging saiki dienggoni menèh déning
bangsa sing urip tentrem.

9 Gog karo tentarané sarta bangsa-
bangsa sing mèlu mbantu bakal padha
nyerbu kaya prahara lan ngebyuk ing
tanah kono, nganti tanah mau kaya
ketutupan ing méga."
10 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa marang Gog mengkéné,
"Ing dina kuwi kowé bakal ngrancang
prekara sing ala.
11 Kowé gawé keputusan arep nyerbu
tanah sing penduduké urip kanthi
tentrem, ana ing kutha-kutha sing tanpa
bètèng lan ora dijaga.
12 Wong sing padha manggon ing kutha
tilas gempuran mau arep kokjarah-
rayah. Kuwi umat sing kaklumpukaké
saka ing satengahé bangsa-bangsa,
lan saiki wis padha duwé ingon-ingon
lan palemahan sarta manggon ana ing
pusering bumi.
13 Wong-wong Syéba, Dédan lan
wong-wong sing padha dedagangan karo
wong-wong mau saka tanah Spanyol
bakal padha nakoni kowé, ‘Yagéné kowé
nglumpukaké tentara kanggo nempuh
perang umat kuwi lan njarah-rayah
barang darbèké, slaka, mas-masan,

raja-kaya lan barang darbèké, banjur
kokangkat lunga?’"
14 Pangéran Kang Mahakwasa banjur
ngutus aku marani Gog, ngandhakaké
dhawuhé Pangéran mengkéné, "Nalika
umat-Ku Israèl lagi manggon kalawan
tentrem, kowé teka terus nyerbu.
15 Dhèk semono kowé bakal budhal
saka panggonanmu ing tebing Lor
nggawa tentara akèh lan kuwat,
prejurit-prejurit jaranan sing asalé saka
bangsa pirang-pirang.
16 Kowé arep nyerang umat-Ku kaya
prahara sing nyapu resik tanah kono.
Yèn wis tekan mangsané Aku bakal
ngutus kowé nyerbu tanah-Ku, supaya
para bangsa padha ngerti sapa Aku
iki. Aku bakal ngetingalaké kasucèn-Ku
srana pendamel-Ku lantaran kowé.
17 Ya kowé kuwi wongé sing Daksebut
dhèk jaman-jaman sing wis kepungkur
lantaran para abdi-Ku, para nabiné
Israèl, yèn mbésuk Aku bakal nekakaké
wong sing perang nglawan Israèl.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa."
18 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Ing wektu kuwi, samasa

Gog nyerbu marang Israèl, Aku bakal
duka banget.
19 Sajroning bentèré duka-Ku Aku bakal
nekakaké lindhu gedhé ing tanah Israèl.
20 Saben iwak, manuk lan kéwan
gedhé-cilik lan saben wong ing salumahé
bumi bakal padha gemeter ana ing
ngarsa-Ku. Gunung-gunung bakal padha
jugrug, pèrèng-pèrèngé karang bakal
padha longsor lan témbok-témbok bakal
padha ambruk.
21 Aku bakal nekakaké pagiris gedhé
marang Gog wujud kasangsaran werna-
werna. Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
sing ngandika. Para prejurité Gog bakal
patèn-patènan dhéwé, sing siji nempuh
sijiné nganggo pedhang.
22 Gog bakal Dakukum nganggo
pageblug lan pepati. Banjir bandhang
lan udan bebarengan karo geni lan lirang
bakal kaesokaké marang wong mau lan
tentarané sarta bangsa-bangsa sing dadi
balané.
23 Srana mengkono Aku bakal
ngetingalaké marang para bangsa
kamulyan-Ku lan kasucèn-Ku. Para
bangsa bakal padha ngerti yèn Aku iki
Pangéran."

39 [1] Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika, "Hé Yéhezkièl,
medhara wangsit kanggo Gog,
maharajané bangsa-bangsa ing Mèsèkh
lan Tubal, aturana yèn Aku iki mungsuhé.
[2] Raja mau bakal Dakingeraké adhepé
lan Daktuntun saka tanah adoh ing sisih
Lor menyang gunung-gunungé Israèl.
[3] Tanganè kiwa bakal Dakgebag, nganti
gendhéwané bakal tiba, lan panahé
bakal mrucut saka tanganè tengen.
[4] Gog lan tentaranè, sarta bangsa-
bangsa sing rujuk karo raja mau
bakal tiwas ana ing gunung-gunungé
Israèl, lan jisimé bakal dadi pakané
manuk-manuk lan kéwan galak.
[5] Wong-wong mau bakal padha mati
ana ing ara-ara. Aku, Pangéran Kang
Mahakwasa sing ngandika.
[6] Aku bakal nekakaké geni sing ngobong
tanah Magog lan tanah-tanah sauruté
pesisir sing dienggoni déning wong-wong
sing saiki padha urip kanthi ayem
tentrem. Lan saben wong bakal ngerti
yèn Aku iki Pangéran.
[7] Sarta Aku bakal nedahaké asma-Ku
sing suci ana ing satengahé umat-Ku
Israèl, lan Aku bakal ora marengaké

menèh asma-Ku sing suci dinajisaké,
supaya para bangsa padha sumurup,
yèn Aku iki Pangéran, Allahé Israèl kang
mahasuci."
8 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Apa sing
Dakngandikakaké iki bakal kelakon.
9 Wong-wong sing padha manggon ana
ing kutha-kuthané Israèl bakal padha
metu sarta bakal padha nglumpukaké
sakèhé gegaman sing ditinggal déning
Gog dienggo urub-urub. Tamèng,
gendhéwa, panah, tumbak lan gada
bakal dienggo gawé dadèn geni, sarta
nganti pitung taun lawasé bakal padha
ora mbutuhaké kayu kanggo urub-urub.
10 Sarta padha ora prelu golèk kayu
ana ing alas utawa negor wit, merga
gegaman-gegaman saka kayu sing
kanggo perang mau cukup kanggo
gegenèn. Wong Israèl bakal padha
gentèn njarah-rayah wong-wong sing
biyèn padha njarah-rayah awaké dhéwé.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa.
11 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Samasa kuwi kabèh wis kelakon, Aku
bakal maringi papan kanggo ngubur

Gog ana ing Israèl, yakuwi ana ing
Lembah Penyabrangan, ing sawétané
Segara Mati. Gog lan wadyabalané bakal
kakubur ana ing kana, lan lembah mau
bakal karan ‘Lembah Tentarané Gog’.
12 Wong-wong Israèl bakal ngubur
jisim-jisim mau lawasé pitung sasi,
yakuwi lawasé enggoné nucèkaké tanah
mau menèh supaya ora najis.
13 Saben wong ing tanah kono bakal
ngréwangi ngubur jisim-jisim mau,
lan sing padha ngubur bakal nampa
ganjaran ing dina kemenangan-Ku.
Aku, Pangéran Kang Mahakwasa sing
ngandika.
14 Sawisé kliwat pitung sasi, bakal
ana wong-wong sing kapilih mider
nitipriksa mbokmenawa isih ana jisim
sing kliwatan, iya banjur bakal dikubur,
supaya tanah kono bali dadi suci menèh.
15 Sajroné munggah-mudhun ndlajahi
tanah mau, samasa nemokaké balung
manungsa banjur kudu diwènèhi tandha
ing sisihé, supaya para tukang kubur
bisa weruh, lan ngubur balung-balung
mau ana ing Lembah Tentarané Gog.
16 (Ing sacedhaké kono bakal ana kutha
sing karan Hamona.) Kaya mengkono

enggoné bakal padha nucèkaké tanah
Israèl."
17 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
marang aku mengkéné, "Yéhezkièl,
manuk-manuk lan kéwan galak saka
ngendi-endi padha undangen, konen
teka mangan kurban sing Dakcawisaké.
Pésta gedhèn bakal dianakaké ana ing
gunung-gunungé Israèl. Ana ing kono
bakal padha mangan daging lan ngombé
getih.
18 Kéwan-kéwan mau bakal padha
mangan dagingé para prejurit lan
ngombé getihé para raja ing bumi, sing
bakal padha kasembelèh kaya wedhus
lanang, utawa cempé, utawa wedhus
jawa utawa sapi lemon.
19 Yèn wong-wong mau wis
Daksembelèh kaya kurban, manuk-
manuk lan kéwan-kéwan alasan bakal
padha mangan daging nganti wareg lan
ngombé getih nganti mendem.
20 Enggoné padha pésta bakal
nganti sawaregé, mangan jaran, sing
nunggangi, lan para prejurit liyané.
Aku, Pangéran Kang Mahakwasa kang
ngandika."

21 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Aku bakal ngetingalaké kamulyan-
Ku marang para bangsa sarta Aku
bakal nedahaké enggon-Ku ngagem
pangwasa-Ku kanggo nindakaké
keputusan-Ku.
22 Mula umat Israèl wiwit dina kuwi
bakal padha ngerti yèn Aku iki Pangéran
Allahé.
23 Sarta para bangsa bakal padha
ngerti yèn bangsa Israèl enggoné
kabuwang kuwi merga saka dosa-
dosané marang Aku. Mulané padha
Dakungkuraké, lan Dakulungaké marang
para mungsuhé, supaya padha dipatèni
ana ing peprangan.
24 Wong-wong mau padha Dakukum
timbang karo kaluputan lan pialané,
sarta banjur Daksingkur."
25 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa menèh mengkéné, "Nanging
saiki Aku bakal maringi piwelas karo
anak-turuné Yakub, yakuwi umat Israèl
lan Dakdadèkaké bangsa sing makmur.
Aku bakal njagi kasucèné asma-Ku.
26 Samasa wis bali manggon ing tanahé
kono kanthi tentrem, mangka ora ana
sing ngancam, wong-wong mau bakal

padha lali karo kwirangané lan sakèhé
tindaké sing ora setya karo Aku.
27 Supaya Aku bisa nélakaké kasucèn-
Ku marang para bangsa, mula bangsa
Israèl Dakirid bali saka satengahé para
bangsa sing nyatru Israèl.
28 Mula umat-Ku bakal ngerti yèn Aku
iki Pangéran Allahé. Enggoné ngerti mau
merga Aku sing mbuwang lan Aku dhéwé
sing nglumpukaké lan ngirid bali, mulih
menyang tanahé dhéwé, nganti siji waé
ora ana sing kari.
29 Roh-Ku bakal Dakesokaké marang
umat-Ku Israèl lan ora bakal Daksingkur
menèh. Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
kang ngandika."

40 1 Nalika sasi anyar, dinané sing
kasepuluh, taun kaping selawéné
enggonku padha ana ing pembuwangan,
lan taun kaping patbelasé ambruké
Yérusalèm, aku dikwaosi déning Rohé
Pangéran, lan aku kaangkat kabekta
lunga.
2 Ing sajroning wahyu aku kabekta
déning Allah menyang tanah Israèl,
kapapanaké ing gunung sing dhuwur
banget. Ing ngarepku aku weruh ana
gedhong-gedhong sing mèmper kutha.

3 Aku dicedhakaké, banjur weruh ana
wong lanang mencorong kaya swasa.
Wong mau ngadeg ing gapura nyekeli
ukuran saka léna, lan ukuran wujud
teken.
4 Wong lanang mau ngandikani aku
mengkéné, "Hé Yéhezkièl, tamatna,
rungokna lan waspadakna apa sing
bakal Daktedahaké marang kowé, merga
yakuwi preluné enggonmu kabekta
mréné. Kabèh sing kokdeleng kuwi
critakna karo wong Israèl."
5 Aku weruh Pedalemané Allah,
dikubengi témbok. Wong lanang mau
njupuk teken ukurané sing dawané
telung mèter, banjur ngukur témboké.
Témbok mau dhuwuré telung mèter lan
kandelé telung mèter.
6 Sawisé mengkono wong lanang mau
banjur menyang gapura sing madhep
mengétan, munggah ing undhak-
undhakan. Satekané ing ndhuwur banjur
ngukur ambané lawangé. Ketemu telung
mèter.
7 Ing sanjabané lawang mau ana
èmpèrané, ing kiwa-tengené ana kamaré
pejagan telu-telu. Saben kamar mau
pesagi, telung mèter ping telung mèter,

lan témbok singgetan antarané kamar
siji karo sijiné kandelé loro setengah
mèter. Sanjabané kamar jaga ana
lurung sing dawané telung mèter anjog
ing kamar gedhé. Kamar gedhé mau
ngadhepaké Pedalemané Allah. Kamar
gedhé iya diukur. Ketemu jeroné patang
mèter. Kuwi pungkasané lurung sing
cedhak dhéwé karo Pedalemané Allah.
Témboké lurung mau sing adoh dhéwé
kandelé samèter.
8 (40:7)
9 (40:7)
10 (Kamar-kamar pejagan sing nèmpèl
lurung jembaré padhakabèh, lan kandelé
témbok singgetané iya padha kabèh.)
11 Wong lanang mau nuli ngukur
ambané lurung sing ana ing gapura.
Ketemu nem mèter, lan ambané ruangan
antarané gapura karo gapura ana limang
mèter.
12 Ing ngarepé kamar pejagan ana
témboké cendhèk, dhuwuré setengah
mèter lan kandelé setengah mèter.
(Kamar-kamar pejagan mau jembaré
telu ping telung mèter pesagi.)
13 Wong mau banjur ngukur adohé
témbok pejagan sing mburi dhéwé tekan

témboké kamar gedhé, ngliwati lurung,
dawané rolas mèter setengah.
14 Kamar sing gedhé, sing adoh dhéwé,
ana lawangé sing anjog plataran. Kamar
gedhé mau iya diukur, ambané sepuluh
mèter.
15 Dawané gapura saka sanjabané
témbok tekan témboké kamar sing adoh
dhéwé ana selawé mèter.
16 Kamar-kamar mau témboké sing
sisih njaba ana bolongan-bolongané
cilik, mengkono uga ing témbok sisih
njero, ing antarané kamar-kamar. Ing
témbok-témbok sing sisih njero, sing
ngadhepaké lurung ana ukir-ukiran
wit-witan kurma.
17 Wong lanang mau nuntun aku metu
gapura menyang plataran. Nèmpèl ing
témbok njaba ana kamaré telung puluh.
Ing ngarepé kamar-kamar mau ana
plataran cilik sing ditatani watu,
18 ngubengi plataran sing amba.
Plataran amba mau sing njaba luwih
cendhèk ketimbang sing njero.
19 Ing antarané plataran njaba lan njero
ana gapuranė. Wong lanang mau ngukur
adohé gapura sing njaba karo sing njero,
ketemu sèket mèter.

20 Wong lanang mau banjur ngukur
gapura sing ana ing sisih Lor, sing anjog
ing plataran njaba.
21 Ing kéné iya ana lurung, lan ing
kiwa-tengené ana kamaré pejagan
telu-telu. Témbok-témboké singgetan
lan kamaré kabèh ukurané padha kaya
sing ana ing gapura sisih Wétan. Dawané
gapura selawé mèter, ambané rolas
setengah mèter.
22 Kamaré gedhé jendhélané lan
ukir-ukirané wit-witan kurma padha
karo sing ana ing gapura sisih Wétan.
Ana undhak-undhakan pitu sing anjog
ing gapura, lan kamaré gedhé ana
ing pungkasané lurung, ngadhepaké
plataran.
23 Saka gapura ing sisih Lor mau,
yèn wis nyabrang plataran, banjur ana
gapura menèh, sing anjog ing plataran
njero, kaya gapura sing ana ing sisih
Wétan. Wong lanang mau ngukur dohé
gapura siji karo sijiné.
24 Sawisé mengkono, wong lanang mau
banjur mbekta aku mengidul. Ing kono
aku weruh ana gapura menèh. Gapura
mau nuli diukur, ketemuné padha karo
gapura liya-liyané.

[25] Ing kamar-kamaré gapura mau ana
jendhéla-jendhélané padha kaya ing
gapura-gapura liyané. Dawané gapura
mau selawé mèter lan ambané rolas
setengah mèter.
[26] Undhak-undhakané mrono ana pitu.
Kamaré sing gedhé prenahé iya ana ing
pungkasan, ngadhepaké plataran. Ing
témbok sing ngadhepaké lurung iya ana
ukir-ukirané wit-witan kurma.
[27] Ing kono iya ana gapura sing anjog
ing plataran. Wong lanang mau ngukur
dohé tekan gapura sing kapindho,
ketemu sèket mèter.
[28] Aku banjur digawa déning wong
lanang mau metu gapura sisih Kidul
menyang plataran njero. Gapurané
diukur lan ketemu padha karo gapurané
témbok sing njaba dhéwé.
[29] Kamar-kamaré pejagan, kamaré
gedhé lan témbok-témboké singgetan
gedhéné padha kabèh karo témbok-
témbok sing ana ing gapura liya-liyané.
Ing kamar-kamaré gapura iya ana
jendhélané. Dawané gapura iya selawé
mèter lan ambané rolas setengah mèter.
[30] (40:29)

31 Kamaré gedhé iya ngadhepaké
plataran, lan témbok sing madhep
menyang lurung iya ana ukir-ukirané
wit-witan kurma. Ana undhak-undhakan
wolu kanggo munggah menyang gapura
mau.
32 Aku banjur digawa wong lanang
mau metu gapura sisih Wétan menyang
plataran njero. Gapurané diukur, padha
gedhéné karo liya-liyané.
33 Kamar-kamaré pejagan, kamaré
gedhé lan témbok-témboké singgetan
kabèh ukurané padha karo sing ana ing
gapura liya-liyané. Kabèh kamar, semono
uga kamaré gedhé, ana jendhélané.
Dawané gapura mau kabèh selawé
mèter lan ambané rolas setengah mèter.
34 Kamaré gedhé ngadhepaké plataran
njaba. Ing témbok sisihé lurung iya
ana ukir-ukirané wit-witan kurma.
Ana undhak-undhakan wolu kanggo
munggah menyang gapura mau.
35 Aku banjur digawa wong lanang mau
menyang gapura sisih Lor. Gapurané
diukur, lan kabèh padha ukurané karo
gapura liya-liyané.
36 Uga gapura iki ana kamar-kamaré
pejagan, témbok-témboké njero dihias,

ana kamaré gedhé, ing kamar-kamar
kabèh ana jendhélané. Dawané gapura
kabèh selawé mèter lan ambané rolas
setengah mèter.
37 Kamaré gedhé ngadhepaké plataran.
Témbok-témboké sing ana ing lurung
ana ukirané wit-witan kurma. Ana
undhak-undhakan wolu kanggo
munggah menyang gapura mau.
38 Ing plataran njaba ana gedhong
cilik sing ditèmplèkaké ana ing gapura
njero sisih Kidul. Gedhong mau ana
lawangé menyang kamar gedhé sing
madhep plataran, panggonané ngresiki
balung-balungé kéwan sing diobong
kanggo kurban.
39 Ing kamar gedhé kono ana méjané
papat; saben sisih loro-loro. Kéwan-
kéwan sing arep dienggo kurban
disembelèh ana ing méja-méja kono, ya
sing arep kanggo kurban obongan, ya
sing kanggo kurban panebusing dosa
utawa kurban ngluwari ujar.
40 Ing sanjabané kamar ana méjané
papat padha, saben sisih lawang sing
mlebu gapura Lor ana méjané loro.
41 Méjané kabèh cacahé wolu, yakuwi
panggonané nyembelèh kéwan-kéwan

sing arep dienggo kurban. Sing papat
ana ing njero kamar, papat liyané ana
ing plataran njaba.
42 Méja papat sing ana ing gedhong
cilik dienggo nyawisaké kurban sing
arep diobong wutuhan. Méja mau
kagawé saka watu tatahan. Dhuwuré
setengah mèter, sisih ndhuwur pesagi,
pitung puluh lima ping pitung puluh
lima sèntimèter. Sakèhé piranti kanggo
nyembelèh kéwan-kéwan sing arep
dienggo kurban ana ing méja-méja mau.
43 Ing sakubengé méja mau ana méja
menèh sing ambané pitung puluh lima
sèntimèter pesagi kanggo ndokokaké
daging sing arep dienggo kurban.
44 Aku banjur digawa wong lanang mau
mlebu ing plataran njero. Ing plataran
njero mau ana lawangané loro, sing siji
madhep ngidul, ana ing sasisihé gapura
Kidul, sijiné madhep ngalor, ana ing
sasisihé gapura Lor.
45 Wong mau kandha yèn kamar
madhep ngidul kuwi kanggo para imam
sing nindakaké peladosan ana ing
Pedalemané Allah.
46 Déné kamar sing madhep ngalor
kanggo para imam sing leladi ana

ing mesbèh. Imam-imam kabèh mau anak-turuné Zadhok. Saka taler Lèwi ya mung turuné Zadhok kuwi sing diparengaké ngadhep marang Pangéran lan ngladosi Panjenengané.
47 Wong lanang mau banjur ngukur plataran njero, ketemu sèket mèter pesagi. Pedalemané Allah dunungé ing sisih Kulon. Ing ngarepé ana mesbèhé.
48 Aku banjur digawa mlebu kamar gedhé sing anjog ing Pedalemané Allah. Kamar mau diukur, ketemuné menjero loro setengah mèter lan ambané pitung mèter. Déné témbok ing kiwa-tengené kandelé karotengah mèter.
49 Ing kono ana undhak-undhakan sing munggah menyang kamar gedhé mau, ambané sepuluh mèter lan menjeroné nem mèter. Panggonan mlebu mau ana sakané gedhé loro.
41 1 Aku banjur digawa mlebu ing kamar gedhé ing Pedalemané Allah kono. Wong mau banjur ngukur lurung sing anjog menyang Papan Kang Suci, ketemu dawané telung mèter,
2 témboké kiwa-tengen kandelé loro setengah mèter, ambané limang mèter. Kamar gedhé mau nuli iya diukur,

ketemu dawané rong puluh mèter, lan
ambané sepuluh mèter.
3 Wong lanang mau banjur mlebu
ing kamar njero. Lurung sing anjog
mrono diukur. Dawané samèter, ambané
telung mèter lan témbok sing ana ing
kiwa-tengené kandelé telu setengah
mèter.
4 Kamaré diukur, ketemu dawa lan
ambané sepuluh mèter pesagi. Wong
lanang mau banjur kandha karo aku, "Iki
Papan Kang Mahasuci."
5 Wong lanang mau ngukur kandelé
témbok Pedalemané Allah sing njero,
ketemu telung mèter. Nèmplèk ing
sakubengé Pedalemané mau ana
kamar-kamar sing ambané rong mèter.
6 Kamar-kamar mau digawé sungsun
telung lapis. Saben lapis kamaré telung
puluh. Témboké Pedaleman mau sing
sisih njaba ora padha kandelé. Témbok
lapisan ndhuwur luwih tipis ketimbang
karo sing ana ing ngisoré, mula glogoré
kamar-kamar lapisan kapindho lan
katelu disangga déning témbok ngisoré.
7 Srana mengkono témboké Pedalemané
Allah mau yèn disawang saka njaba
katoné saka ngisor tekan ndhuwur

padha kandelé. Ing témboké Pedaleman
sing sisih njaba ana undhak-undhakané
loro sing jembar, kanggo munggah saka
lapisan kamar-kamar sing ana ing ngisor
menyang kamar-kamar sing ana ing
lapisan tengah lan menyang lapisan sing
ndhuwur dhéwé.
8 Témboké njaba kamar-kamar
mau kandelé loro setengah mèter.
Pedalemané Allah mau ing sisih Lor
ana lawangé menyang kamar-kamar,
mengkono uga ing sisih Kidul. Aku
iya weruh ing sakubengé Pedaleman
mau ana térasé sing ambané loro
setengah mèter. Téras mau dhuwuré
saka jrambahé Pedaleman telung mèter,
dadi téras mau rata karo jrambahé
kamar-kamar, sing nèmplèk ing témboké
Pedaleman. Ing antarané téras mau
lan gedhongé para imam ana ruangan
bukakan ngubengi Pedaleman, ambané
sepuluh mèter.
9 (41:8)
10 (41:8)
11 (41:8)
12 Ing sisih kuloné Pedalemané Allah
ana gedhongé, dawané patang puluh
lima mèter lan ambané telung puluh lima

mèter; kandelé témboké mubeng loro
setengah mèter.
13 Wong lanang mau banjur ngukur
Pedalemané Allah sing sisih njaba,
dawané sèket mèter. Saka mburiné
Pedalemané Allah tekan gedhong sing
ana ing Kulon dhéwé dawané iya sèket
mèter.
14 Ambané Pedaleman mau sing sisih
ngarep, klebu ruang bukakan ing kiwa
lan ing tengené, dawané iya sèket mèter.
15 (41-15a) Dawané gedhong uga
diukur mengulon, klebu lurung-lurung
sing ana ing sisih kiwa lan tengené,
dawané iya sèket mèter. (41-15b)
Ruangan gedhé sing kanggo mlebu
ing Pedalemané Allah, Sasana Suci lan
Sasana Mahasuci
16 kabèh dilapis nganggo kayu saka
jrambah tekan jendhéla-jendhélané.
Jendhéla-jendhéla mau kena ditutup
saka ndhuwur.
17 Témboké Pedalemané Allah sing sisih
njero dilapis nganggo ukir-ukiran,
18 ukiran kurma lan kéwan-kéwan
nganggo swiwi. Ukiran kurma diseling
ukiran kéwan, mengkono saterusé,

sakamar mubeng. Saben kéwan mau
rainé loro,
19 rai sing siji madhep marang wit
kurma sing sisih kéné, rai sijiné sing rupa
singa, madhep ing wit kurma sing sisih
kana. Kabèh témbok dihias nganggo
ukir-ukiran kaya mengkono,
20 saka jrambah tekan ndhuwuré
lawang-lawang.
21 (41-21a) Saka-sakané lawang ing
Pedalemané Allah kabèh pesagi. (41-
21b) Ing sangarepé Sasana Mahasuci
ana barang sing rupané kaya
22 mesbèh kayu. Dhuwuré siji setengah
mèter, ambané samèter. Cagaké,
dhasaré lan gebyogé kagawé saka kayu.
Wong lanang mau kandha karo aku, "Iki
méja sing ana ing ngarsané Pangéran."
23 Ing pungkasané lurung sing anjog
ing Sasana Suci ana lawangé, semono
uga ing pungkasané lurung sing anjog
ing Sasana Mahasuci.
24 Saben lawang inebé loro, kusèn-
kusèné ana ing tengah.
25 Lawang-lawangé Sasana Suci
karengga nganggo ukiran wit kurma
lan kéwan nganggo swiwi kaukir ing
kayuné, kaya ukir-ukiran sing ana ing

témbok-témboké. Lawang-lawang mau
ing sisih njaba ndhuwuré ana téndhané
kayu.
26 Kamar gedhé mau kiwa-tengen
ana jendhélané, lan témbok-témboké
direngga nganggo ukir-ukiran wit kurma.
42 1 Aku banjur digawa wong lanang
mau menyang plataran njaba,
sisih loré Pedalemané Allah, menyang
sawijining gedhong ora adoh saka
Pedalemané Allah sing sisih Kulon.
2 Gedhong mau dawané sèket mèter lan
ambané selawé mèter.
3 Ing sisihé gedhong mau ana plataran
dawané sepuluh mèter lan ing sisih
sijiné ngadhepaké plataran Pedalemané
Allah sing njaba. Gedhong mau sungsun
telu. Sing ndhuwur mundur sethithik
ketimbang ngisoré.
4 Gedhong mau ing sisih Lor ana lurung
sing ambané limang mèter lan dawané
sèket mèter, déné lawang-lawangé
mlebu ana ing sisih Lor.
5 Kamar-kamar sing ana ing ndhuwur
luwih ciyut ketimbang karo sing ana ing
tengah karo sing ana ing ngisoré, merga
digawé rada mundur.

6 Kamar-kamar sungsun telu mau
presasat ana ing èmpèran lan ora
kasangga déning cagak-cagak kaya
gedhong-gedhong liyané ana ing
plataran.
7 Témboké njaba kamar-kamar sing
ana ing ngisor mau selawé mèter wutuh,
nanging selawé mèter saterusé ana
kamar-kamaré. Sungsun sing ndhuwur
dhéwé kabèh ana kamar-kamaré,
sadawané témbok gedhong.
8 (42:7)
9 Sangisoré kamar-kamar ing tingkat
loro sing ana ing ndhuwur mau,
wiwit saka pojoké gedhong sisih
Wétan, ana dalan kanggo mlebu-metu
menyang plataran njaba. Ing sisih kidulé
Pedalemané Allah iya ana gedhong sing
padha kaya kuwi, ora adoh saka sisih
kuloné Pedaleman.
10 (42:9)
11 Ing ngarepé kamar-kamar kono iya
ana lurung padha kaya lurung sing ana
ing gedhong sisih Lor. Ukurané kabèh
padha, mengkono uga ngèngrèngan lan
dalané kanggo mlebu-metu.
12 Gedhong mau ing sisih Kidul, ing
ngisoré lapisan kamar-kamar ana

lawangé, kaprenah ing pojok Wétan
watesé témbok.
13 Wong mau kandha karo aku
mengkéné, "Gedhong loro iki loro-loroné
suci. Kuwi panggonané para imam sing
tugas samasa padha mangan kurban
sing suci dhéwé. Sarèhné kamar-kamar
kuwi suci, mulané para imam padha
nyèlèhaké kurban suci mau ana ing
kono, kayata: kurban dhaharan, kurban
pangruwating dosa lan kurban dhendha.
14 Yèn imam-imam mau wis ngladosi
ing Pedalemané Allah, mangka arep
metu menyang plataran njaba, kudu
nyopot sandhangan suci sing dienggo
nalika ngladèni ana ing Pedalemané
Allah, lan ninggal sandhangan mau ana
ing kamar-kamar kono. Para imam mau
kudu nguculi sandhangané sing suci
sadurungé metu menyang plataran,
panggonané umat padha nglumpuk."
15 Bareng wis rampung enggoné
ngukur gedhong-gedhong lan platarané
Pedalemané Allah, wong lanang mau
banjur ngajak aku metu liwat gapura
Wétan, sarta ngukur palemahan
wewengkoné Pedalemané Allah.

16 Enggoné ngukur nganggo teken
ukuran mau. Sing diukur dhisik sisih
Wétan. Ketemu dawané 250 mèter.
17 Banjur ngukur sing sisih Lor, nuli sisih
Kidul, lan sisih Kulon. Kabèh dawané
padha yaiku 250 mèter.
18 (42:17)
19 (42:17)
20 Mulané témbok, pager bumi sing
ngubengi palemahan wewengkoné
Pedalemané Allah kuwi, saben sisih
dawané 250 mèter. Témbok mau kanggo
misahaké papan sing suci karo sing ora
suci.

43 1 Aku banjur dijak wong lanang
mau menyang gapura sing
madhep ngétan.
2 Saka kono aku weruh ana pepadhang
mblerengi muncul saka Wétan, yakuwi
kamulyané Pangéran, Allahé Israèl.
Banjur keprungu swarané Allah kaya
jumleguré ombaking segara, lan
bumi katon mencorong merga saka
kamulyané.
3 Wahyu iki kaya sing dakdeleng
nalika Pangéran rawuh numpes kutha
Yérusalèm, lan kaya sing dakdeleng ana

ing sapinggiré Kali Kebar. Aku banjur
niba mengkureb ing lemah.
4 Pepadhang sing mblerengi mau
liwat metu gapura Wétan, mlebu ing
Pedalemané Allah.
5 Aku banjur kaangkat déning Rohé
Pangéran, kabekta menyang plataran
njero. Ing kono aku weruh Pedalemané
Allah kapenuhan[a] ing kamulyané
Pangéran.
6 Wong lanang mau ngadeg ing
sandhingku, lan aku krungu Pangéran
ngandika saka ing Pedaleman kono
marang aku mengkéné,
7 "Yéhezkièl, iki dhampar-Ku, Aku bakal
dedalem ana ing satengahé umat Israèl
lan ngerèh umat mau. Umat kuwi lan
raja-rajané bakal ora najisaké asma-Ku
kang suci srana nyembah brahala utawa
ngubur layon-layoné rajané ana ing
papan kéné.
8 Raja-raja mau padha ngedegaké
balungan omah lan kusèn-kusèné
mèpèt karo balungan lan kusèn-kusèné
Pedaleman-Ku, mula Pedaleman-Ku
mung kapisah déning témbok karo
omahé wong-wong mau. Asma-Ku kang

---

[a]kapenuhan: isi kebak.

suci dinajisaké nganggo penggawéné
sing njijiki, mulané Aku duka banget, lan
umat mau banjur Daktumpes.
9 Saiki wong-wong kuwi kudu marèni
enggoné nyembah brahala-brahala lan
nyingkiraké jisimé raja-rajané. Yèn kuwi
wis dilakoni, Aku bakal manggon ana ing
satengahé umat mau selawas-lawasé."
10 Pangéran ngandika menèh,
"Yéhezkièl, umat Israèl kandhanana bab
Pedalemané Allah iki, supaya padha
nyinau tatarakité. Welèhna supaya
padha kisinan merga dosa-dosa sing wis
dilakoni.
11 Yèn wis padha ngakoni lan rumangsa
isin bab penggawéné sing uwis-uwis,
banjur terangna gambaré Pedalemané
Allah kuwi; gambaré dalan sing kanggo
mlebu lan metu, wanguné, penatané
samubarang sing ana ing kono,
prenatan-prenatan lan aturan-aturané.
Kuwi kabèh tulisen kanggo wong-wong
mau, supaya padha dingertèni, lan
padha bisa nglakoni.
12 Mengkéné bab angger-anggeré
Pedalemané Allah mau. Sakèhé
palemahan ing pucuké gunung iki kabèh
disengker lan disucèkaké."

13 Ukurané mesbèh yèn diukur
nganggo ukuran Pedalemané Allah kuwi
mengkéné: Ing saubengé pondhasiné
mesbèh ana kalèné, sing jeroné setengah
mèter, ambané setengah mèter lan ana
pinggirané, dhuwuré seprapat mèter.
14 Péranganė mesbèh sing cendhèk
dhéwé dhuwuré saka dhasaré mesbèh
semèter. Saka ing pinggiran ngisor
tekan ing pinggiran ndhuwur rong
mèter, lan pinggirané ambané setengah
mèter. Déné pucak mesbèh, luwih ciyut
setengah mèter ketimbang kubenging
tengahé.
15 Pérangan sing ndhuwur, panggonan
kanggo ngobong kurban, dhuwuré iya
rong mèter. Pojoké mesbèh papat-papaté
luwih dhuwur.
16 Panggonané ngobong kurban mau
pesagi, saben sisih dawané nem mèter.
17 Pérangan sing tengah iya pesagi,
saben sisih pitung mèter, ing njaba
ana pinggirané, sing dhuwuré seprapat
mèter. (Ambané kalèn seprapat mèter.)
Undhak-undhakan sing kanggo munggah
ing mesbèh ana ing sisih Wétan.
18 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
marang aku mengkéné, "Yéhezkièl,

rungokna pangandika-Ku. Yèn mesbèhé
wis rampung, resmèkna nganggo gawé
kurban, getihé kéwan sing dienggo
kurban mau pyur-pyurna ana ing kono.
19 Sing kepareng ngadhep lan
ngladosi Aku mung imam-imam turuné
Zadhok, saka klompok Lèwi waé.
Aku, Pangéran Kang Mahakwasa sing
dhawuh mengkono. Imam-imam kuwi
wènèhana sapi lanang nom kanggo
kurban panebusing dosa.
20 Njupuka getihé sethithik, banjur
lèlètna ing sunguné mesbèh papat
pisan, sarta ing pojoké papat mubeng,
karo pinggiré mubeng. Srana cara
mengkono enggonmu nucèkaké mesbèh
lan ngresmèkaké penganggoné.
21 Sapiné lanang sing dienggo kurban
pangruwating dosa mau jupuken,
banjur obongen ing panggonan sing wis
katemtokaké, ing sanjabané wengkoné
Pedalemané Allah.
22 Ésuké kowé njupuka wedhus jawa
lanang sing tanpa cacad, gawénen
kurban panebusing dosa. Mesbèhé
banjur sucèkna nganggo getihé kéwan
mau, kaya enggonmu nucèkaké nganggo
getihé sapi.

23 Yèn wis rampung, banjur njupuka
sapi lanang lan wedhus gèmbèl lanang
enom siji, karo-karoné tanpa cacad,
24 banjur caosna marang Aku. Para
imam bakal ngepyuri uyah lan ngobong
kéwan-kéwan mau konjuk marang Aku.
25 Nganti pitung dina lawasé kowé
saben dina kudu nyaosaké kurban
wedhus jawa lanang siji, sapi lanang siji
lan wedhus gèmbèl lanang siji, minangka
kurban panebusing dosa. Kéwan-kéwan
mau kudu tanpa cacad.
26 Pitung dina lawasé para imam
enggoné kudu nucèkaké mesbèh
sadurungé resmi kena dipigunakaké.
27 Yèn pitung dina mau wis puput,
para imam kena miwiti saos kurban
pangruwating dosa lan kurban
keslametan kanggo umat Israèl. Ing kono
Aku bakal rena penggalih-Ku marang
kowé kabèh. Mengkono pangandikané
Pangéran Kang Mahakwasa."

44 1 Aku banjur digawa wong lanang
mau menyang gapura njaba,
sing papané ana ing pekaranganė
Pedalemané Allah sisih Wétan. Gapura
mau mineb.

2 Pangéran ngandika mengkéné marang
aku, "Gapura kuwi bakal mineb terus
lan ora bakal diengakaké ing selawasé.
Wong ora kena liwat kéné, merga Aku,
Pangéran Allahé Israèl wis mlebet miyos
kéné. Mulané gapura iki kudu mineb
terus.
3 Mung raja sing isih jumeneng, kena
liwat metu kéné prelu mangan panganan
suci ana ing ngarsa-Ku. Kuwi sing kena
mlebu lan metu gapura kéné, liwat
kamar gedhé sing njero."
4 Aku banjur digawa wong lanang
mau menyang ngarepé Pedalemané
Allah metu gapura Lor. Aku ndeleng
Pedalemané Allah kapenuhan cahya sing
mblerengi, sing nélakaké yèn Pangéran
ana ing kono. Aku banjur mengkureb ing
lemah,
5 banjur krungu Pangéran ngandika
mengkéné marang aku, "Yéhezkièl,
waspadakna apa sing kokdeleng lan
kokrungu. Kowé arep Dakngandikani
bab prenatan lan tatanan sing kudu
ditindakaké ana ing Pedalemané Allah.
Titènana wong sing kena mlebu-metu
ing Pedalemané Allah kuwi wong sing

kepriyé, lan wong sing ora kena sing
kepriyé.
6 Wong-wong Israèl sing padha
mbrontak ora bakal Dakumbar nindakaké
penggawéné sing nistha, merga Aku iki
Pangéran Kang Mahakwasa.
7 Wong-wong mau wis padha najisaké
Pedaleman-Ku, merga wis padha
nglebokaké wong manca sing ora
tetak, yakuwi wong sing padha ora
mbangun-turut karo Aku. Wong-wong
mau padha dililani mlebu ing wayahé
kurban dhaharan, gajih lan getih
kaunjukaké marang Aku. Mengkono
mau enggoné umat-Ku padha mbubrah
prejanjian-Ku, srana penggawé nistha,
sing wis padha ditindakaké.
8 Umat-Ku ora njaga kasucèné
tata-cara ing Pedaleman-Ku, malah
padha ngangkat wong kapir nindakaké
kewajiban ana ing Pasucèn-Ku, sing
mesthiné kudu ditindakaké umat-Ku
dhéwé.
9 Aku, Pangéran Kang Mahakwasa
dhawuh, yèn wong manca sing ora tetak,
lan wong sing mbaléla marang Aku, ora
kena mlebu ing Pedaleman-Ku, senajan

wong manca sing manggon ana ing
satengahé bangsa Israèl."
10 Pangéran ngandika marang aku
mengkéné, "Wong Lèwi sing bebarengan
karo wong Israèl liyané padha nyingkur
Aku lan nyembah brahala bakal
Dakukum.
11 Wong-wong mau kena ngladosi Aku
ana ing Pedalemané Allah, kayata jaga
gapura, lan nglakoni pegawéan ana ing
Pasucèn. Kena nyembelèh kéwan sing
dikurbanaké déning umat minangka
kurban obaran lan kurban sembelèhan,
sarta kudu siaga ngladèni umat.
12 Nanging sarèhné wis tau padha
leladi nalika umat Israèl padha nyembah
brahala, lan srana mengkono padha
dadi jalarané akèh wong Israèl padha
nyembah brahala, mulané Aku,
Pangéran Kang Mahakwasa sumpah yèn
wong-wong mau kudu diukum.
13 Wong-wong kuwi ora kena dadi
imam sing ngladosi Aku, lan ora kena
cedhak-cedhak karo barang-barang sing
suci, lan uga ora kena mlebu ing Sasana
Mahasuci. Kuwi minangka paukumané,
merga saka kanisthan-kanisthan sing
biyèn wis tau dilakoni.

14 Mulané wong-wong kuwi bakal
Daktetepaké nglakoni pegawèan-
pegawèan kasar sing prelu ana ing
Pasucèn kono."
15 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Para imam saka taler Lèwi
turuné Zadhok, kuwi kanthi setya leladi
marang Aku ana ing Pedalemané Allah,
nalika umat Israèl liya-liyané padha
nyingkur Aku. Mulané imam-imam kuwi
saiki kena ngladosi Aku lan kena sowan
marek ing ngarsa-Ku nyaosaké gajih lan
getihé kurban.
16 Mung wong-wong kuwi dhéwé
sing kena mlebu ing Pedalemané
Allah, ngladosi ing mesbèh lan nuntun
pangibadah ing Pasucèn-Ku.
17 Yèn para imam mau padha mlebu ing
plataran njero metu gapura, kudu padha
nganggo sandhangan léna. Yèn pinuju
padha nindakaké pegawéan ana ing
plataran njero, ing Pedalemané Allah,
ora kena nganggo sandhangan sing
kagawé saka wulu wedhus.
18 Kudu nganggo serban léna lan clana
léna sarta ora nganggo sabuk, supaya
padha ora kringeten.

19 Sadurungé metu ing plataran njaba,
panggonané umat kumpul, para imam
mau kudu padha nyopot sandhangan
sing dienggo nalika leladi ana ing
Pasucèn, sarta ninggal sandhangan mau
ana ing kamar-kamar suci. Enggoné
kudu padha ganti sandhangan mau
supaya aja gawé cilakané umat.
20 Imam ora kena nyukur rambuté,
nanging iya ora kena ngingu rambuté
nganti gondrong. Dawané kudu mung
sapantesé.
21 Para imam yèn arep mlebu ing
plataran njero, sadurungé ora kena
ngombé anggur apa waé.
22 Imam ora kena kawin karo randhané
wong liya. Mung kena kawin karo wong
wadon Israèl, prawan utawa randhané
imam liya.
23 Para imam kudu mulang umat-Ku,
bédané suci karo ora suci, bédané sing
najis karo sing ora najis.
24 Yèn ana wong padu, para imam
kudu gawé keputusan sing cocog
karo dhawuh-Ku. Para imam kudu
padha netepi dina-dina riaya sing
Dakdhawuhaké miturut prenatan lan

tatanan sing wis Daktetepaké. Semono
uga kudu padha nucèkaké dina Sabbat.
25 Para imam ora kena najisaké badané
merga nggepok jisim, kejaba yèn
sing mati mau wong tuwané dhéwé
utawa anaké dhéwé, seduluré dhéwé,
utawa seduluré wadon sing durung
omah-omah.
26 Tekan mangsané, imam mau kudu
ngentèni pitung dina.
27 Sawisé mengkono banjur mlebu
ing plataran njero Pedalemané Allah
nyaosaké kurban pasucèn, supaya kena
leladi menèh ing Pedalemané Allah.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa.
28 Para imam kaparingan kalenggahané
minangka pusaka, kaya déné pusaka
sing kaparingaké marang umat Israèl,
sing kudu diwarisaké turun-temurun.
Imam ora kena duwé panduman lemah
ana ing satengahé Israèl. Aku iki sing
dadi pandumané.
29 Sakèhé sesaosan, kurban
pangruwating dosa lan kurban
dhendha kuwi dadi pangané para imam,
sarta wenang nampa saka wong Israèl
samubarang sing kapilih kanggo Aku.

30 Asilé panèn sing becik dhéwé kuwi
dadi haké para imam, mengkono uga
samubarang kabèh sing kasaosaké
marang Aku. Saben-saben wong gawé
roti, sing mateng dhisik dhéwé kudu
disedhiyakaké kanggo imam minangka
caosan (kurban), supaya brayaté wong
mau Dakberkahi.
31 Para imam ora kena mangan
bangsané manuk utawa kéwan liyané
sing mati merga wis tuwa utawa matiné
merga dipatèni déning kéwan liya."

45 1 Yèn kowé mbagé-mbagé tanah
lan kokedum nganti saben taler
olèh panduman, Pangéran pandumana
sebagèan. Jembaré panduman mau
dawané rolas setengah kilomèter,
ambané sepuluh kilomèter. Tanah sing
ana ing njeroné wates kuwi kabèh suci.
2 Ing tanah mau cawisana papan
kanggo Pedalemané Allah, dawané
250 mèter lan ambané 250 mèter
nganggo plataran, lan ing sakubengé
anaa plataran sing ambané selawé
mèter. Kejaba kuwi ngukura dawané
rolas setengah kilomèter lan ambané
limang kilomèter, kuwi kapisahna kanggo

Pedalemané Allah, yakuwi panggonan
sing suci dhéwé.
3 (45:2)
4 Daérah kuwi kudu dadi pérangan sing
suci ing sanegara kabèh, kacawisna
kanggo para imam sing ngladosi
Pangéran ing Pasucèné. Kuwi papan
sing kanggo pomahané para imam lan
gedhong-gedhongé Pedalemané Allah.
5 Separoné daérah mau kacawisna
dadia pandumané wong Lèwi, sing padha
nyambut-gawé ing Pedalemané Allah.
Ing daérah kono degna kutha-kutha
kanggo manggoné wong Lèwi.
6 Kejaba daérah suci mau kudu ana
pérangan sing dawané rolas setengah
kilomèter kanggo manggoné wong Israèl
sapa waé.
7 Iya kudu ana palemahan sing
kacawisaké kanggo raja sing isih
jumeneng. Dunungé ana ing sisih
Kulon adu wates karo daérah suci,
mengulon tekan Segara Tengah.
Mengétan, palemahan mau tekan tapel
watesé negara. Dadi dawané mengétan
padha karo dawané tanah pandumané
taler-taler Israèl.

8 Daérah kuwi dadi pandumané raja
sing isih jumeneng, supaya ora nindhes
rakyaté, lan ora ngganggu gugat
tanah-tanah sing dadi pandumané
taler-taleré Israèl.
9 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Hé raja-raja ing Israèl,
wis suwé enggonmu padha gawé dosa!
Marènana enggonmu nganiaya lan
nindhes rakyat. Nindakna kabeneran
lan keadilan. Aja pisan-pisan nundhung
umat-Ku saka palemahané. Aku,
Pangéran Kang Mahakwasa kang
ngandika.
10 Saben wong kudu migunakaké
timbangan lan ukuran sing bener.
11 Éfa sing kanggo ngukur barang
garingan kudu padha karo bat[b] sing
kanggo ngukur barang cuwèr. Sing
kanggo pathokan homèr. Dadi prenatané
ukuran mau mengkéné: 1 homèr padha
karo 10 éfa, padha karo 10 bat.
12 Déné boboté barang diprenata
mengkéné: 20 gera kuwi padha karo 1
sèkel; 60 sèkel padha karo 1 mina.

---

[b]bat: ukuran kanggé barang cuwèr, kathahipun 36 liter.

13 Takeran kanggo kurban mengkéné:
gandum: 1/60 pametuné panèn. sair:
1/60 pametuné panèn. lenga zaitun:
1/100 pametuné wit zaitun duwèkmu.
wedhus gèmbèl: saben wedhus 200,
jupuken siji kanggo kurban. Kowé
kudu padha nyaosaké kurban rupa
gandum-ganduman, kurban kéwan sing
kudu diobong kabèh, lan kéwan kanggo
kurban slametan, kabèh mau supaya
kowé padha olèh pangapuraning dosa.
Aku, Pangéran Kang Mahakwasa kang
dhawuh.
14 (45:13)
15 (45:13)
16 Para penduduk kabèh kudu nyaosaké
barang sing kanggo kurban-kurban mau
marang raja Israèl.
17 Raja tanggung jawab bab kurban
obongan, kurban dhaharan, kurban
unjukan menawa pinuju dina gedhé, sasi
anyar, dina Sabbat lan dina-dina riaya
liyané. Raja mau kudu nyawisaké kurban
pangruwating dosa, kurban obongan lan
kurban keslametan kanggo nganakaké
pirukunan kanggo umat Israèl."
18 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Ing dina kapisan, sasi

kapisan kowé kudu saos kurban rupa
sapi lanang sing tanpa cacad kanggo
nucèkaké Pedalemané Allah.
19 Para imam kudu padha njupuk
getihé kéwan sing dienggo kurban
mau sethithik lan diosèr-osèraké ing
kosèn-kosèning lawangé Pedalemané
Allah, lan ing pojoké papat mesbèh sarta
ing saka-sakaning gapura plataran njero.
20 Saben sasi ing dina kapitu kowé
uga nindakna kaya mengkono, kanggo
sakèhé wong sing nglakoni dosa ora
kejarag utawa saka ora ngertiné.
Nganggo cara mengkono kowé njaga
kasucèné Pedalemané Allah.
21 Ing dina kaping patbelas, sasi
kapisan kowé kudu wiwit ngriayakaké
Paskah. Sajroné pitung dina kowé kudu
padha mangan roti tanpa ragi.
22 Ing dina mau raja kudu nyaosaké
kurban sapi lanang, minangka
pangruwaté dosané dhéwé lan dosané
umat Israèl.
23 Sabanjuré saben dina sajroné riaya
mau kudu nyaosaké kurban konjuk
marang Pangéran rupa sapi lanang
pitu, wedhus gèmbèl pitu, kabèh mau
kéwan-kéwan sing tanpa cacad, sing

kudu diobong nganti entèk. Raja saben
dina iya kudu nyaosaké kurban rupa
wedhus jawa lanang siji minangka
pangruwating dosa.
24 Saben sapi lanang siji lan wedhus
gèmbèl lanang siji sing dienggo kurban
mau, kudu dibarengi kurban dhaharan
rupa gandum pitulas setengah liter lan
lenga zaitun telung liter.
25 Kanggo Riaya Tarub Godhong sing
kawiwitan ing dina kaping limalas
sasi kapitu, raja saben dina, lawasé
pitung dina, iya kudu saos kurban kaya
mengkono kanggo pangruwating dosa,
kurban obongan, kurban dhaharan rupa
gandum lan lenga zaitun."
46 1 Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika mengkéné, "Gapura
plataran njero sing madhep ngétan
kudu ditutup sajroné nem dina, dina
nyambut-gawé, nanging ing dina Sabbat
lan ing dina Riaya Sasi Anyar kudu
dibukak.
2 Raja mlebuné kudu liwat plataran
njaba, banjur menyang kamar gedhé
sing ana ing gapura, sarta ngadeg ing
sacedhaké saka gapura, karo ngentèni
para imam enggoné padha nyaosaké

kurban obongan lan kurban keslametané
raja. Ana ing gapura mau raja kudu
nyembah sujud, banjur metu menèh.
Lawangè gapura ora kena diinebaké
nganti soré.
3 Saben dina Sabbat lan dina Riaya Sasi
Anyar kabèh wong kudu padha sujud
marang Pangéran ana ing gapura kono.
4 Ing dina Sabbat raja kudu saos kurban
obongan marang Pangéran rupa wedhus
gèmbèl wadon enem lan wedhus gèmbèl
lanang siji, kabèh kudu tanpa cacad.
5 Saben wedhus gèmbèl lanang siji kudu
dibarengi nyaosaké kurban dhaharan
rupa gandum pitulas setengah liter lan
saben wedhus gèmbèl siji dibarengi
nyaosaké apa waé sing kepéngin
disaosaké. Saben saos kurban dhaharan
mau kudu uga nyaosaké lenga zaitun
telung liter.
6 Ing dina Riaya Sasi Anyar raja kudu
saos kurban rupa sapi lanang siji,
wedhus gèmbèl nem, wedhus gèmbèl
lanang siji, kabèh mau kudu tanpa
cacad.
7 Saben kurban sapi lanang siji lan
wedhus gèmbèl lanang siji kudu
dibarengi sesaosan manasuka. Saben

kurban dhaharan kudu dibarengi
sesaosan lenga zaitun telung liter.
8 Yèn raja arep ninggal bangsalè gapura
kono iya kudu metu dalan sing mau
diliwati.
9 Yèn umat Israèl manembah Pangéran
ing dina riaya, yèn mlebuné liwat gapura
Lor, baliné kudu metu gapura Kidul. Aja
ana wong sing metuné liwat ing gapura
sing wis diliwati nalika mlebu.
10 Raja tekané bareng karo umat,
mengkono uga metuné.
11 Ing dina-dina riaya lan ing dina-dina
pèngetan sing wis ditemtokaké, kudu
ana kurban dhaharan rupa gandum
pitulas setengah liter kanggo saben
sapi lanang siji utawa wedhus gèmbèl
lanang siji, ditambahi menèh kanggo
saben cempé dhaharan apa waé miturut
lilaning atiné sing saos kurban. Saben
kurban dhaharan kudu dibarengi lenga
zaitun telung liter.
12 Yèn raja arep nyaosaké kurban
mirunggan marang Pangéran, embuh
kurban obongan utawa kurban
keslametan, gapura plataran njero kudu
diwengakaké. Kurban sing disaosaké
mau padha karo kurban sing disaosaké

ing dina Sabbat. Yèn raja wis metu, lawanging gapurané kudu ditutup menèh."
13 Pangéran ngandika mengkéné, "Saben ésuk raja kudu nyaosaké kurban obongan konjuk ing Pangéran rupa cempé wedhus gèmbèl sing umur setaun lan tanpa cacad. Kurban mau kudu kasaosaké saben dina.
14 Semono uga raja saben ésuk kudu nyaosaké kurban dhaharan rupa glepung gandum patang kilogram lan lenga zaitun saliter kanggo ngulet glepungé. Prenatan iki katetepaké kanggo ing selawasé!
15 Kurban cempé, glepung gandum lan lenga zaitun mau kudu kasaosaké saben dina terus-terusan."
16 Pangéran Kang Mahakwasa dhawuh mengkéné, "Samasa raja masrahaké palemahané sapérangan kanggo anaké minangka ganjaran, palemahan mau dadi duwèké anak mau.
17 Nanging yèn raja mènèhaké sapéranganing palemahané marang abdiné, banjur dadi duwèké abdi mau, nganti tekan Taun Pangluwaran. Palemahan mau banjur bali marang raja

menèh. Mung para putraning raja sing
kena nduwèni palemahané raja dadi
warisané.
18 Raja ora kena njupuk palemahan
duwèké rakyat lan ndarbèki tanah mau.
Saben palemahan sing diwènèhaké
marang anak-anaké kudu saka
pandumané raja dhéwé, lan raja mau
ora nindhes umat-Ku."
19 Aku banjur digawa wong lanang mau
menyang kamar-kamar sing papané
ing saloré pasucèn, liwat lawang ing
sandhingé gapura plataran njero sing
sisih Kidul. Kuwi kamar-kamar suci
kanggo para imam. Aku dituduhi papan
sakuloné kamar-kamar mau,
20 kandhané, "Iki panggonané para
imam padha nggodhog dagingé kéwan
sing dienggo kurban pangruwaté dosa,
utawa kurban dhendha, lan panggonané
gawé roti saka glepung gandum sing
kasaosaké. Lan ora ana barang suci sing
digawa metu menyang plataran njaba,
nganti nekakaké paukuman marang
umat."
21 Aku banjur digawa menyang plataran
njaba lan dituduhaké yèn saben pojoké
plataran mau ana platarańé cilik sing

dawané rong puluh mèter lan ambané
limalas mèter.
22 (46:21)
23 Saben plataran mau dikubengi
témbok, lan ana pawoné sing nèmplèk
karo témbok mau.
24 Wong mau kandha karo aku, "Pawon-
pawon iki panggonané para peladèné
Pasucèn padha nggodhog dagingé kéwan
sing disaosaké umat kanggo kurban
konjuk marang Pangéran."

47 1 Aku banjur digawa wong
lanang mau menyang lawanging
Pedalemané Allah menèh. Saka
sangisoré lawang mau ana banyu mili
mengétan, kaya madhepé Pedalemané
Allah iya mengétan. Banyu mau mili ing
njero lemah saka péranganė Pedalemané
Allah sisih Kidul, sakidulé mesbèh.
2 Aku banjur digawa wong lanang mau
metu saka wewengkoné Pedalemané
Allah liwat gapura Lor, diajak mubeng-
mubeng nganti tekan gapura sing
madhep ngétan. Ing kono ana kali cilik,
sing metu saka sakidulé gapura.
3 Wong lanang mau banjur ngukur saka
panggonan metuné banyu limang atus
mèter mengétan. Bareng tekan ing kono

aku dikon nyemplung ing kali. Jeroné
kali mau mung sapolokku.[c]
4 Saka kono wong lanang mau ngukur
menèh mengétan limang atus mèter. Ana
ing kono jeroné banyu sadhengkulku.
Saka kono wong mau ngukur menèh
limang atus mèter nganut ilining banyu,
jeroné banyu sabangkèkanku.
5 Wong mau ngukur saka kono limang
atus mèter menèh, panggonan kono
banyuné jero banget, saka jeroné nganti
ora kena daksabrangi. Bisané nyabrang
yèn nglangi.
6 Wong mau kandha karo aku,
"Yéhezkièl, kabèh mau catheten sing
tliti." Aku banjur dientas lan digawa bali
metu ing uruting pinggir kali.
7 Ing pinggiring kali mau kiwa-tengen
ana wit-witané akèh.
8 Kandhané wong mau marang aku,
"Banyu iki mili mengétan, ngliwati
daérah kono lan Lembah Yardèn
menyang Segara Mati. Banyuné Segara
Mati sing asin banget kuwi bakal dadi
tawa.
9 Menyang endi waé iliné banyu mau
bakal nguripi sakèhé kéwan lan iwak.

---

[c]polok: ugel-ugelé suku.

Merga kali mau banyuné Segara Mati
bakal dadi tawa, lan merga iliné kuwi
apa waé bakal urip.
10 Ing sauruting kali mau, wiwit saka
Èn-Gédi tekan Èn-Églaim bakal akèh
wong golèk iwak lan bakal padha
manggon ing sapinggiring segara. Ing
panggonan kono bakal akèh wong padha
mépé jalané. Iwaké werna-werna, ora
kalah karo sing ana ing Segara Tengah.
11 Nanging banyu sing ana ing rawa-
rawa lan blumbang-blumbang sing ana
ing sapinggiring segara ora dadi tawa.
Lan bakal tetep dadi panggonan njupuk
uyah.
12 Ing sakiwa-tengené kali mau bakal
akèh wit-witané sing metokaké woh-
wohan. Godhongé bakal ora tau alum,
lan wohé bakal ora kendhat-kendhat.
Saben sasi bakal metokaké woh,
merga olèh banyu kali sing etuké saka
Pedalemané Allah. Wit-wit mau wohé
bakal dadi pangan lan godongé dadi
tamba."
13 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Iki watesé tanah-tanah
sing kudu kokedum ing antarané para

taler rolas. Taleré Yusuf wènèhana rong
panduman.
14 Aku wis janji kanthi supaos marang
para leluhuré, yèn bakal maringaké
tanah iki dadi tanah pusakané. Saiki
tanah iki dumen.
15 Watesé tanah Israèl kuwi sing sisih
Lor wiwit saka Segara Tengah mengétan
ngliwati Hètlon tekan dalan sing tekan
Hamat, banjur ngliwati Zedad,
16 Berota, Sibraim, sing dunungé ing
antarané wilayahé kraton Damsyik lan
kraton Hamat; saka kono terus tekan
Hazar-Enon sing dunungé ana ing
wilayahé kraton Hauran.
17 Dadi watesé tanah Israèl sing sisih
Lor mau lakuné saka Segara Tengah
mengétan menyang kutha Énon, tunggal
tapel wates karo wilayah kraton Damsyik
lan kraton Hamat ing sisih Lor.
18 Tapel watesé tanah Israèl sing sisih
Wétan wiwit saka tempuké tapel wates
Damsyik lan Hauran, banjur sauruté Kali
Yardèn. Sakuloné kali mau dadi tanahé
Israèl, lan sawétané kali mau wilayahé
Giléad, nganti tekan Tamar, sing ana ing
sapinggiré Segara Mati.

19 Tapel watesé sing sisih Kidul-kulon
lakuné saka Tamar terus menyang tanah
Kadèsy, banjur ngalor ngulon sauruté
tapel watesé tanah Mesir, nganti tekan
Segara Tengah.
20 Tapel watesé sing sisih Kulon Segara
Tengah, mengalor tekan ing panggonan
sakuloné Hamat.
21 Tanah kuwi dumen ing antarané para
taler Israèl,
22 supaya dadi tanah pusakané turun-
temurun. Wong manca sing padha
manggon ing satengahmu lan padha
anak-anak ana ing kono wènèhana
panduman. Wong-wong mau kudu
kokrengkuh kaya wong Israèl asli lan
uga olèh panduman palemahan nganggo
undhi, bebarengan karo para taleré
Israèl.
23 Wong manca sing manggon ing
satengahé taler iya kudu kokwènèhi
tanah pusaka kaya wargané taler mau.
Mengkono pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa."

48 1 Tapel watesé tanah sing sisih Lor
kuwi wiwit saka Segara Tengah
mengétan tekan kutha Hètlon, terus
tekan undhak-undhakan Hamat, tekan

kutha Énon, terus tekan tapel wates antarané kutha Damsyik lan Hamat. Saben taler nampa sapéranganė tanah sing gumelar saka tapel wates Wétan mengulon tekan Segara Tengah. Urut-urutané saka Lor mengidul mengkéné: Dhan, Asyèr, Naftali, Manasyè, Éfraim, Rubèn, Yéhuda
2 (48:1)
3 (48:1)
4 (48:1)
5 (48:1)
6 (48:1)
7 (48:1)
8 Pérangan candhaké kudu kacawisaké kanggo kapreluan mirunggan.[d] Jembaré tanah mirunggan mau dawané rolas setengah kilomèter lan ambané rolas setengah kilomèter, saka Lor mengidul, lan saka Wétan mengulon, sauruté tapel watesé tanah pandumané para taler. Ana ing tanah mirunggan mau bakal kabangun Pedalemané Allah.
9 Ing satengahé tanah mau kudu ana sing kacawisaké kagem Pangéran,

[d]mirunggan: mligi (khusus, istiméwa: bhs. Ind.).

jembaré rolas setengah kilomèter kaping
sepuluh kilomèter.
10 Ana ing tanah suci kono para imam
padha olèh panduman tanah. Tanahé
para imam mau dawané saka Wétan
mengulon rolas setengah kilomèter, lan
saka Lor mengidul limang kilomèter.
Pedalemané Allah kudu kabangun ana
ing tengahé tanah suci mau.
11 Tanah suci mau kapilih kanggo
pomahané imam-imam turuné Zadhok.
Imam-imam mau wis padha ngladosi
Aku kanthi setya lan ora mèlu nylèwèng
gawé dosa karo wong Israèl liyané, kaya
sing ditindakaké déning para warganė
klompok Lèwi.
12 Mulané imam-imam mau ngenggoni
daérah sing dipiji, jèjèr karo daérahé
taler Lèwi, lan tanah mirunggan mau
dadi daérah sing suci dhéwé.
13 Wong Lèwi iya ngenggoni tanah kang
mirunggan ing sakidulé tanahé para
imam. Jembaré saka Wétan mengulon
rolas setengah kilomèter, lan saka Lor
mengidul limang kilomèter.
14 Tanah mau apik dhéwé ing satanah
Israèl kabèh, mulané ora kena didol

utawa diijolaké karo wong liya, merga
dadi tanah sing dipiji kagem Gusti Allah.
15 Sisané tanah sing mirunggan mau,
sing dohé rolas setengah kilomèter, lan
ambané loro setengah kilomèter kuwi
ora suci, lan kena dienggo kepentingané
wong akèh. Wong lumrah kena manggon
ing kono lan nggarap tanah mau.
Kutha sing dibangun kudu ana ing
tengah-tengahé tanah mau,
16 lan ukurané kutha kuwi saben sisihé
kudu rongèwu rong atus sèket mèter.
17 Kutha mau kudu dikubengi ara-ara
sing ambané satus selawé mèter.
18 Sawisé kuthané dibangun ing daérah
mirunggan, sisané yakuwi ing sawétané
lan ing kuloné kutha mau, siji-sijiné
jembaré limang kilomèter kaping loro
setengah kilomèter, kuwi kadadèkna
pategalan karebèn digarap déning
wong-wong sing padha nyambut-gawé
ing kutha.
19 Saben wong sing manggon ing kutha
kono, asal saka taler endi waé, kena
nggarap tanah mau.
20 Dadi tanah sing ana ing satengahé
palemahan mirunggan mau pesagi lan
jembaré rolas setengah kilomèter ping

rolas setengah kilomèter. Klebu ing
kono, tanah sing didegi kutha.
21 Sawétan lan sakuloné daérah
mirunggan, yakuwi daérah sing
dienggoni Pedalemané Allah, para imam
lan wong Lèwi sarta didegi kutha, kuwi
tanahé raja. Sisih Wétan tapel watesé
negara, sisih Kulon Segara Tengah. Tapel
watesé Lor tanah Yéhuda, lan sisih Kidul
tanah Bènyamin.
22 (48:21)
23 Sakidulé daérah mirunggan, saka
tapel watesé negara sisih Wétan
mengulon tekan Segara Tengah, kuwi
dadi pandumané para klompok liyané.
Urut-urutané saka Lor mengidul:
Bènyamin, Siméon, Isakar, Zébulon,
Gad.
24 (48:23)
25 (48:23)
26 (48:23)
27 (48:23)
28 Tanah pandumané taler Gad kuwi
watesé sing sisih Kidul-kulon padha
karo tapel watesé negara, saka kutha
Tamar terus tekan tanah Kadèsy, banjur
ngalor-ngulon turut tapel watesé tanah
Mesir menyang Segara Tengah.

[29] Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
mengkéné, "Kaya mengkono carané
pamérangé tanah sing diedum ing
antarané para taleré Israèl, supaya dadia
tanah pusakané."
[30] Kutha Yérusalèm ana gapurané
rolas. Bètèngé patang iring; dawané
saben iringé rongèwu rong atus sèket
mèter, ing bètèng mau ana gapurané
telu, kajenengaké manut salah sijiné
taler. Gapura-gapura ing bètèng sisih
Lor jenengé: Rubèn, Yéhuda lan Lèwi.
Gapura-gapura ing bètèng sisih Wétan
jenengé: Yusuf, Bènyamin lan Dhan.
Gapura-gapura ing bètèng sisih Kidul
jenengé: Siméon, Isakar lan Zébulon;
gapura-gapura ing bètèng sisih Kulon
jenengé: Gad, Asyèr lan Naftali.
[31] (48:30)
[32] (48:30)
[33] (48:30)
[34] (48:30)
[35] Dawané bètèng kutha patang iring
mau kabèh gunggungé sangangèwu
mèter. Kutha mau sabanjuré bakal
kasebut: "ALLAH ANA ING KÉNÉ!".

Daniel

1 1 Nalika Yoyakim enggoné jumeneng
raja Yéhuda nyandhak taun kateluné,
Nebukadnésar, raja ing Babil nyerang
kutha Yérusalèm, banjur dikepung.
2 Raja Yoyakim diulungaké déning
Pangéran ing tanganné Raja
Nebukadnésar, semono uga praboté
Pedalemané Allah sebagéan. Sakonduré
menyang Babil Raja Nebukadnésar
mbekta wong tawanan sawetara ing kuil
brahalané. Déné prabot Pedalemané
Allah disimpen ana ing gudhangé kuil
mau.
3 Raja Nebukadnésar ndhawuhi
Aspenas, penggedhéné para pegawé,
supaya milih saka ing antarané wong
Israèl sing ditawan mau nonoman
sawetara sing kagolong turuné ratu lan
tedhaking wong luhur.
4 Yakuwi nonoman sing bagus rupané,
wasis, trampil, gampang nampani
piwulang, lan awaké tanpa cacad,
supaya mbésuk bisa ngladèni apa
mesthiné ana ing kraton. Aspenas kudu

mulang nonoman mau maca lan nulis
basa Babil.
5 Sang Raja iya dhawuh supaya para
nonoman mau saben dina diparingi
pangan lan anggur kaya sing kasaosaké
marang para wargané kraton. Sawisé
dilatih telung taun para nonoman mau
kudu disowanaké ing ngarsané Sang
Raja.
6 Ing antarané nonoman sing kapilih
mau ana sing jenengé Dhanièl, Hananya,
Misaèl lan Azarya.
7 Penggedhéné kraton paring jeneng
anyar marang para nonoman mau.
Dhanièl dijenengaké Bèltsazar,
Hananya dijenengaké Sadrakh, Misaèl
dijenengaké Mésakh lan Azarya
dijenengaké Abèdnégo.
8 Dhanièl niyaté ora bakal najisaké awak
nganggo pangan lan ombèn-ombèn
saka kedhaton. Mulané banjur njaluk
pitulunganė Aspenas,
9 lan Pangéran ngosikaké atiné Aspenas
supaya becik srawungé karo Dhanièl.
10 Nanging Aspenas wedi karo Sang
Raja, mulané kandha karo Dhanièl,
"Sang Prabu sampun nemtokaken bab
menapa ingkang kedah panjenengan

dhahar lan unjuk. Menawi sarira
panjenengan ketingal mboten seger
kados para nènèman sanès-sanèsipun,
kula mesthi badhé dipun pejahi."
11 Dhanièl banjur nemoni wong jaga
sing diangkat déning Aspenas dadi
pengawasé Dhanièl, Hananya, Misaèl lan
Azarya, aturé,
12 "Kula sakanca mugi panjenengan
cobi; selaminipun sedasa dinten mugi
kaparingana nedha sayuran lan ngombé
toya pethak kémawon.
13 Lajeng kula aturi nandhing
kawontenan kula sakanca kaliyan
para nènèman ingkang sami nedha
dhaharan saking kedhaton. Menawi
sampun, panjenengan lajeng netepna
adhedhasar kawontenan kula tiyang
sekawan menika."
14 Panyuwuné mau dijurungi déning
wong sing jaga, banjur padha dicoba
suwéné sepuluh dina.
15 Bareng wis kliwat sepuluh dina,
kaanané Dhanièl sakanca nyata luwih
seger lan rosa tinimbang karo para
nonoman sing padha mangan dhaharané
Sang Prabu.

16 Sabanjuré wong jaga mau nerusaké
enggoné mènèhi sayuran lan ora
dhaharan saka kedhaton.
17 Nonoman papat mau padha diparingi
kawruh lan kapinteran bab kasusastran
lan filsafat déning Pangéran. Malah
Dhanièl kaparingan kawicaksanan
nerangaké maknané wahyu lan impèn.
18 Bareng wektu telung taun sing
katetepaké déning Sang Prabu wis
kliwat, Aspenas banjur nyowanaké para
nonoman mau marang ngarsané Sang
Prabu Nebukadnésar.
19 Kabèh padha diajak ngandikan karo
Sang Prabu. Sang Prabu kepranan déné
ing antarané para nonoman kabèh ora
ana sing madhani Dhanièl, Hananya,
Misaèl lan Azarya. Mulané kabèh banjur
padha diangkat dadi pegawé kraton.
20 Pandanguné Sang Prabu bab apa
waé utawa prekara sing angèl-angèl,
nonoman papat mau bisa ngaturi
wangsulan, lan kawruhé ngungkuli tikel
sepuluhé para peramal lan juru nujum
sanegara kabèh.
21 Dhanièl manggon ana ing kedhaton
kono nganti Babil katelukaké déning
Sang Prabu Korèsy ing Pèrsia.

2 1 Nalika Nebukadnésar, raja ing Babil,
enggoné dadi raja nyandhak taun
kapindho, panjenengané supena, mula
penggalihé ora jenjem nganti ora bisa
saré.
2 Sang Prabu banjur utusan nimbali
para abdiné tukang ngramal, ahli nujum
lan ahli sihir kadhawuhan nerangaké
supenané mau. Bareng wis padha sowan
ing ngarsané,
3 Sang Prabu nuli ngandika, "Atiku ora
kepénak, merga ngimpi lan kepéngin
ngerti apa maknané impèn mau."
4 Sing padha marek mau banjur munjuk
nganggo basa Aram, "Dhuh Sang
Prabu, mugi langgenga kasugengan
panjenengan! Mugi kersa paring
sumerep menggah ing supena menika,
lajeng kawula sami badhé nyaosi pirsa
maknanipun."
5 Pangandikané Sang Prabu, "Aku wis
netepaké yèn kowé sing kudu nyaosi
pirsa marang aku apa impènku mau
lan nerangaké apa maknané. Yèn ora
bisa, kowé mesthi bakal dikethok-kethok
sarta omahmu bakal padha didadèkaké
jugrugan.

6 Nanging yèn kowé bisa nyaosi pirsa
apa impènku mau lan nerangaké
maknané, kowé bakal dakparingi
ganjaran lan kaurmatan gedhé.
Saiki critakna impènku lan terangna
maknané!"
7 Unjuké wong-wong mau, "Dhuh
Sang Prabu, mugi kersa ngandikakaken
supena panjenengan, mangké kawula
sami badhé ngunjukaken uninga
maknanipun."
8 Mireng unjuké wong-wong mau, Sang
Prabu ngandika, "Aku wis ngira yèn
kowé padha arep ngulur wektu; kowé
wis padha krungu putusanku.
9 Kowé kabèh bakal nampa paukuman
kaya mengkono yèn ora bisa ngunjukaké
uninga apa sing dakimpèkaké. Kowé
wis padha nganakaké sarujukan ing
antaramu arep ngapusi aku, kanthi
pengarep-arep putusanku bakal béda.
Matura waé aku ngimpi apa lan apa
tegesé!"
10 Unjuk wangsulané para abdi mau,
"Mboten wonten tiyang setunggal
kémawon ing salumahing bumi,
ingkang saged ngunjuki uninga bab
pamundhutipun Sang Prabu. Mboten

wonten ratu, senajan ingkang agung piyambak pangwaosipun mundhut ingkang kados mekaten menika dhateng para abdinipun tukang ngramal, ahli nujum tuwin ahli sihir.
11 Pamundhutipun Sang Prabu menika saklangkung awrat ngantos mboten badhé wonten tiyang ingkang saged minangkani, kejawi para déwa, mangka menika mboten dedalem ing satengahing manungsa."
12 Mireng unjuké wong-wong mau Sang Prabu duka banget lan dhawuh matèni para penaséhaté kraton Babil kabèh.
13 Sarèhné dhawuh mau katujokaké marang sakèhé para penaséhat kraton, dadi iya klebu Dhanièl lan kanca-kancané.
14 Dhanièl banjur nemoni Ariokh, penggedhéné pengawalé kraton, sing kadhawuhan nindakaké putusané Sang Prabu. Kalawan ngati-ati Dhanièl nyuwun pirsa,
15 yagéné Sang Prabu paring dhawuh sing semono kerasé. Mulané Ariokh banjur nyritakaké marang Dhanièl sebab musababé kedadéan mau.

16 Sanalika Dhanièl nyuwun palilah séba ing ngarsané Sang Prabu lan iya diparingi wektu longgar supaya bisa ngaturi pirsa apa tegesé impèné Sang Prabu mau.
17 Dhanièl banjur mulih lan ngandhakaké bab mau kabèh karo kanca-kancané, yakuwi Hananya, Misaèl lan Azarya.
18 Padha dikon nyenyuwun sih-piwelas marang Allah ing swarga supaya kersa paring ketrangan bab impèné Sang Prabu, supaya padha ora dipatèni bareng karo para penaséhaté kraton ing Babil.
19 Benginé Dhanièl diparingi weruh déning Allah bab tegesé wewadi mau ana ing sajroning tetingalan. Mulané Dhanièl banjur memuji marang Allah ing swarga mengkéné,
20 "Allah kuwi Mahawicaksana lan Mahakwasa! Kaluhurna asmané ing selawasé.
21 Panjenenganè ngwaosi sakèhé wektu lan mangsa; Panjenenganè sing njumenengaké lan nglèngsèr para ratu; Panjenenganè uga sing paring kawicaksanan, lan paring pangertèn.

22 Panjenengané sing ngudhari
prekara-prekara sing jero lan winadi;
Panjenengané sing pirsa prekara-prekara
sing ketutupan déning pepeteng,
merga Panjenengané piyambak kuwi
pepadhang.
23 Dhuh Allahipun para leluhur kawula,
Paduka kawula luhuraken lan kawula
puji, awit Paduka sampun paring
kawicaksanan lan karosan dhateng
kawula; inggih sampun miyarsakaken
dhateng pandonga kawula, mila kawula
badhé sami saged ngaturaken wangsulan
dhateng Sang Prabu."
24 Dhanièl banjur nemoni Ariokh, sing
kapasrahan matèni para penaséhaté
kraton kabèh. Aturé Dhanièl marang
Ariokh, "Para penaséhat menika
sampun ngantos panjenengan pejahi.
Panjenengan kula aturi nyowanaken kula
ing ngarsanipun Sang Prabu, mangké
kula badhé ngaturi ketrangan bab
tegesipun impèn menika."
25 Dhanièl banjur disowanaké Sang
Prabu Nebukadnésar karo matur
mengkéné, "Kula manggih tiyang ing
antawisipun para tiyang bucalan saking
tanah Yahudi, ingkang saged ngaturaken

supenanipun Sang Prabu lan menapa
tegesipun supena wau."
26 Pangandikané Sang Prabu marang
Dhanièl (sing iya karan Bèltsazar), "Apa
bener kowé bisa ngaturi uninga marang
aku apa sing dakdeleng ing impènku lan
nerangaké apa tegesé?"
27 Atur wangsulané Dhanièl, "Dhuh
Sang Prabu, mboten wonten ahli
ngèlmu, dhukun, tukang ngramal lan
ahli nujum ingkang saged ngaturi uninga
dhateng Panjenenganipun Sang Prabu
bab prekawis menika.
28 Nanging wonten Allah ing swarga
ingkang mbikak prekawis-prekawis
ingkang winados. Inggih Allah
menika ingkang paring pirsa dhateng
Panjenenganipun Sang Prabu bab
menapa ingkang mbénjing badhé
kelampahan. Samenika keparenga
kula ngaturi pirsa supena ingkang
Panjenengan pirsani ing salebetipun
saré.
29 Nalika saré Sang Prabu supena
bab menapa ingkang mbénjing badhé
kelampahan. Pangéran ingkang
mbikak prekawis-prekawis ingkang

winados kersa paring uninga dhateng
Panjenengan.
30 Prekawis ingkang winados wau
sampun kawedharaken dhateng kula,
mboten margi kula langkung wicaksana
tinimbang tiyang-tiyang sanèsipun,
nanging supados Sang Prabu pirsa
tegesipun supena menika, sarta
prekawis-prekawis ingkang tuwuh
wonten ing penggalihipun Sang Prabu.
31 Dhuh Sang Prabu, wonten ing
supena menika Sang Prabu jumeneng
ing sangajengipun reca ingkang
ageng sanget, rupinipun mencorong
ngédab-édabi.
32 Reca wau sirahipun kadamel saking
emas murni; dhadha lan lengenipun
saking slaka, weteng lan lambungipun
saking tembaga;
33 pupunipun saking tosan, lan
sukunipun sapérangan saking tosan lan
sapérangan saking lempung.
34 Nalika Sang Prabu taksih jumeneng
mirsani reca wau, wonten séla ageng
tanpa kagepok déning tanganing tiyang,
mlesat ndhawahi sukunipun reca wau,
suku wau ngantos remuk.

35 Sanalika tosan, lempung, tembaga,
slaka lan emas ing reca wau ajur-mumur
kados awu ingkang wonten ing papan
patuton ing mangsa bentèr. Tumunten
kabur ing angin, ngantos tilas-tilasipun
mboten ketingal malih. Nanging séla
ingkang ngremuk reca wau saya dangu
saya mindhak ageng ngantos dados redi
ngebaki salumahing bumi.
36 Kados mekaten supena menika.
Samenika keparenga kula ngunjukaken
ketrangan menapa tegesipun.
37 Dhuh Sang Prabu, paduka menika
ratu ingkang agung piyambak ing
antawisipun para ratu. Allah ing swarga
sampun paring dhateng panjenengan
pangwaos ageng, kasantosan lan
kaurmatan.
38 Panjenengan ngerèh para manungsa
ingkang manggèn ing salumahing bumi,
mekaten ugi ngerèh sakathahing kéwan
lan peksi. Inggih Panjenengan menika
ingkang kaibarataken sirah emas ing
reca menika.
39 Sapengker Panjenengan badhé
madeg kraton malih, ingkang mboten
ageng kados kraton Panjenengan,
sesampunipun menika badhé madeg

kraton ingkang kaping tiga, kraton
ingkang kaibarataken tembaga, ingkang
ngratoni salumahing bumi ugi.
40 Sesampunipun menika lajeng badhé
wonten kraton ingkang kaping sekawan,
ingkang rosanipun kados tosan, ingkang
ngremuk samukawis menika, kraton wau
badhé ngremuk lan nggiles kraton-kraton
ingkang madeg sadèrèngipun.
41 Panjenengan inggih pirsa, bilih pupu
lan sukunipun reca menika sapérangan
saking tosan lan sapérangan saking
lempung. Menika ateges nglebetipun
pecah. Saking njawi ketingalipun sentosa
kados tosan, margi ing nglebet pancèn
wonten tosanipun ingkang kacampur
kaliyan lempung.
42 Drijinipun suku sapérangan wonten
ingkang saking tosan, sapérangan malih
saking lempung, menika tegesipun
kraton wau sapérangan kiyat, nanging
sapérangan malih ringkih.
43 Panjenengan inggih pirsa, bilih tosan
menika kacampur kaliyan lempung.
Menika tegesipun, bilih para raja ing
kraton wau sami nyobi nyatunggilaken
para kulawarganipun srana sesémahan,
nanging gagal, kados déné tosan lan

lempung mboten saged kacampur dados setunggal.
44 Ing jamanipun para ratu wau Allah ing swarga badhé ngedegaken kraton ingkang langgeng. Ingkang selaminipun mboten badhé saged katelukaken, malah Panjenenganipun badhé numpes kraton-kraton sanèsipun sedaya, lajeng madeg lestantun ing selaminipun.
45 Panjenengan pirsa bilih wonten séla ingkang mlesat tanpa kagepok déning tanganing manungsa lan kadospundi séla wau nrejang reca ingkang kayasa saking lempung, tosan, tembaga, slaka lan emas? Menika tegesipun bilih Allah Ingkang Mahaluhur paring sumerep dhateng Panjenengan menapa ingkang mbénjing badhé kelampahan. Kula sampun ngunjukakaken pirsa menapa ingkang mbénjing badhé kelampahan. Kula sampun ngunjukakaken pirsa menapa ingkang Panjenengan pirsani ing salebeting supena, mekaten ugi sampun ngunjukakaken menapa tegesipun sedaya."
46 Sang Prabu Nebukadnésar sujud nyembah marang Dhanièl sarta paring

dhawuh supaya gawé kurban kanggo
Dhanièl.
47 Pangandikané Sang Prabu, "Allahmu
kuwi pinunjul dhéwé ing antarané para
allah. Panjenengané kuwi ratuning
para ratu, sing mbikak prekara-prekara
winadi. Aku yakin temenan, merga kowé
wis bisa ngerti lan nerangaké wewadiné
impènku."
48 Dhanièl banjur kadadèkaké pegawé
sing dhuwur pangkaté, lan kaganjar
rupa-rupa kang éndah-éndah. Dhanièl
diangkat dadi gubernur propinsi Babil,
lan didadèkaké penggedhéné para
penaséhaté kraton.
49 Dhanièl nyuwun marang Sang Prabu
supaya Sadrakh, Mésakh lan Abèdnégo
kapasrahan ngurusi pepréntahan ing
propinsi Babil mau; déné Dhanièl dhéwé
tetep manggon ana ing kratoné Sang
Prabu.
3 1 Sang Prabu Nebukadnésar yasa
reca emas, dhuwuré pitulikur mèter,
gedhéné mèh telung mèter. Reca mau
didegaké ing Lembah Dura, ing propinsi
Babil.
2 Sang Prabu banjur dhawuh
nglumpukaké para priyagung lan

para pegawé, yakuwi para pangéran,
para gubernur, para menteri, para
wargané Déwan Pertimbangan Agung,
para hakim agung, para bupati, para
bendaharawan, para ahli hukum lan
sakèhé pegawé propinsi-propinsi.
Kabèh kadhawuhan njenengi enggoné
ngresmèkaké reca sing wis didegaké
déning Sang Prabu Nebukadnésar mau.
3 Bareng para priyagung wis padha
nglumpuk prelu njenengi enggoné
ngresmèkaké reca mau,
4 banjur ana abdi dalem sing kapatah
ngacarani, swarané sora, "Hé umaté
negara kabèh, para bangsa sing basané
werna-werna.
5 Samasa kowé padha krungu swarané
slomprèt, suling, clempung, rebab,
gambus, serdam lan unèn-unèn liyané,
kowé banjur padha sujuda nyembah
reca sing didegaké déning Sang Prabu
Nebukadnésar.
6 Sing sapa ora sujud lan nyembah reca
mau, sanalika bakal kacemplungaké ing
pawon sing murub makantar-kantar."
7 Mulané bareng padha krungu uniné
slomprèt lan unèn-unèn liyané mau
sakèhé umat, bangsa-bangsa sing

basané apa waé banjur padha sujud
lan nyembah reca emas sing didegaké
déning Sang Prabu Nebukadnésar mau.
8 Dhèk semono ana wong Babil sawetara
sing nggugat wong-wong Yahudi.
9 Unjuké marang Sang Prabu
Nebukadnésar mengkéné, "Dhuh Sang
Prabu, sugenga ing selaminipun!
10 Paduka sampun ndhawuhaken, bilih
samasa ungel-ungelan dipun ungelaken,
saben tiyang kedah sujud nyembah
dhateng reca emas.
11 Sarta sinten kémawon ingkang
mboten sujud lan nyembah reca wau,
badhé kacemplungaken ing pawon
ingkang murub mulad-mulad.
12 Wonten tiyang Yahudi sawetawis,
ingkang paduka pasrahi pepréntahan ing
Babil, inggih menika Sadrakh, Mésakh
lan Abèdnégo, mboten mreduli dhateng
dhawuh paduka. Tiyang-tiyang wau
mboten sami nyembah allahipun Sang
Prabu utawi sujud dhateng reca emas
ingkang dipun yasa déning Sang Prabu."
13 Mireng atur mengkono mau Sang
Prabu duka banget, banjur dhawuh
supaya wong telu mau kasowanaké ing
ngarsané.

14 Pangandikané Sang Prabu marang
wong telu mau mengkéné, "Sadrakh,
Mésakh lan Abèdnégo, apa temenan
kowé padha ora gelem nyembah déwaku
lan ora gelem sujud marang reca emas
sing dakdegaké?
15 Saikiné, samasa kowé padha krungu
uniné slomprèt lan unèn-unèn liyané,
padha sujuda lan nyembaha reca kuwi?
Yèn ora, sanalika iku uga kowé bakal
kacemplungaké ing pawon sing murub
ngalad-alad. Apa saka pangiramu ana
déwa sing bisa ngluwari kowé?"
16 Sadrakh, Mésakh lan Abèdnégo
banjur munjuk marang Sang Prabu
Nebukadnésar mengkéné, "Dhuh Sang
Prabu, kawula mboten badhé mbélani
badan kawula piyambak.
17 Menawi Allah ingkang kawula bektèni
saged ngluwari kawula saking pawon
murub lan saking astanipun Sang Prabu,
temtu Panjenenganipun badhé kersa
ngluwari.
18 Éwasemanten senajan
Panjenenganipun mboten kersa,
mugi ndadosna ing pamirsanipun Sang
Prabu, bilih kawula sami mboten badhé
nyembah dhateng déwanipun Sang

Prabu, lan inggih mboten badhé sujud
dhateng reca emas ingkang sampun
panjenengan degaken."
19 Ing kono Sang Prabu Nebukadnésar
duka banget, lan pasuryané dadi abang
mbranang mirsani Sadrakh, Mésakh
lan Abèdnégo. Banjur dhawuh supaya
panasing pawoné ditikelaké pitu,
20 sarta dhawuh marang wong
sing rosa dhéwé saka ing antarané
tentara, mbanda wong telu mau sarta
nyemplungaké ing pawon sing murub
ngalad-alad.
21 Wong telu mau nuli dibanda karo
isih nganggo sandhangané, yakuwi
jubah, clana, serban, lan penganggoné
liyané, banjur kacemplungaké ing pawon
murub.
22 Sarèhné panasé pawon ditikelaké
pitu, mula prejurit sing padha
nyemplungaké wong telu ing pawon mau
nganti padha kobong lan mati.
23 Sadrakh, Mésakh lan Abèdnégo
sing isih padha kabanda banjur padha
tiba ing satengahé pawon sing murub
ngalad-alad mau.
24 Sanalika Sang Prabu Nebukadnésar
jumeneng merga kagèt sarta gumun

banget. Pandanguné marang para
pegawéné, "Apa dudu wong telu mau
sing kabanda lan kacemplungaké ing
pawon murub kuwi?" Unjuké sing
kadangu, "Inggih leres, Gusti."
25 "Nanging aku weruh wong papat
padha mlaku ngénak-énak ana ing
satengahé geni? Ora padha kabanda, lan
ora apa-apa. Malah wong sing nomer
papat kuwi rupané kaya putraning
déwa."
26 Sang Prabu Nebukadnésar banjur
nyelaki lawanging pawon sarta nimbali
wong telu mau, "Sadrakh, Mésakh
lan Abèdnégo, para abdiné Allah Kang
Mahaluhur, metua lan mrénéa!" Sanalika
banjur padha metu.
27 Para pangéran, para gubernur, para
bupati lan para penggedhéné liyané
banjur padha nglumpuk lan namataké
wong telu mau, déné padha ora kobong
babar-pisan. Rambuté ora kebrongot,
sandhangané ora kobong, malah mambu
sangit waé ora!
28 Sang Prabu banjur ngandika, "Pinujia
Allahé Sadrakh, Mésakh lan Abèdnégo!
Déné Panjenengané wis ngutus
malaékaté ngluwari abdi-abdiné sing

padha precaya marang Panjenengané.
Padha pilih nerak dhawuhé ratu lan
ngetohaké nyawané ketimbang sujud lan
nyembah marang allah liyané, sing dudu
Allahé dhéwé.
29 Mulané saiki aku ndhawuhaké, sapa
waé ing antarané umat, bangsa lan basa
sing ngala-ala marang Allahé Sadrakh,
Mésakh lan Abèdnégo bakal ditugel-tugel
lan omahé bakal dirubuhaké, merga ora
ana allah liyané sing bisa ngluwari kaya
mengkono."
30 Pangkaté Sadrakh, Mésakh lan
Abèdnégo banjur diunggahaké déning
Sang Prabu ana ing propinsi Babil.
4 1 Sang Prabu Nebukadnésar nyebar
pengumuman marang sakèhé umat,
bangsa lan basa ing salumahing bumi
mengkéné: "Salamku tumekaa marang
kowé kabèh!
2 Rungokna, aku arep nyritakaké
mujijat-mujijat sing diketingalaké déning
Allah Kang Mahaluhur marang aku.
3 Saiba gedhéné kaélokan-kaélokan
sing diparingaké marang kita! Saiba
gedhéné pangwasané mujijat-mujijat
sing ditindakaké! Allah jumeneng

raja ing selawas-lawasé; pangwasané
langgeng."
4 Aku Nebukadnésar manggon ing
kratonku kanthi kepénak, merga
kasugihanku akèh banget.
5 Nanging aku banjur ngimpi lan ing
sajroning impèn weruh rerupan sing
medèni banget.
6 Aku banjur dhawuh nglumpukaké
sakèhé penaséhat kraton ing Babil sarta
kasowanaké ing ngarepku, supaya padha
nerangaké tegesé impènku mau.
7 Para juru ngramal, juru sihir, juru
tenung lan ahli pelintangan banjur
padha kasowanaké ing ngarsaku, lan
banjur padha dakcritani bab impènku.
Nanging wong-wong mau padha ora bisa
ngunjukaké ketrangan bab impènku.
8 Sawisé mengkono Dhanièl, (kang uga
karan Bèltsazar, kaya asmané déwaku)
kasowanaké marang aku. Dhanièl
kadunungan rohing para déwa, mulané
impènku dakcritakaké marang dhèwèké,
mengkéné,
9 "Bèltsazar, aku ngerti yèn kowé
kadunungan rohé para déwa, mulané
ngerti marang prekara sing winadi.

Mengkéné impènku, lan aku kandhanana
apa tegesé.
10 Sajroning turu aku ngimpi weruh ana
wit gedhé lan dhuwur banget ngadeg ing
satengahing bumi.
11 Wit mau saya suwé saya gedhé lan
saya dhuwur nganti sundhul ing langit
lan saben wong ing bumi padha weruh.
12 Godhongé wit mau éndah banget,
wohé mbiyet akèh banget, nganti cukup
kanggo ngingoni makluk sajagad kabèh.
Kéwan galak padha ngéyub ing sangisoré
lan manuk ing awang-awang padha
nusuh ing pang-pangé, sakèhing titah
padha olèh pangan saka wit mau.
13 Nalika aku lagi mikir-mikir bab
impèn mau, dumadakan ana malaékat
tumedhak saka langit kalawan waspada
lan siaga.
14 Ngandika kanthi sora mengkéné, ‘Wit
kuwi tegoren, pang-pangé kethoken.
Godhongé prithilana lan wohé sebaren.
Kéwan-kéwan sing ana ing ngisoré
buyarna lan manuk-manuk sing ana ing
pang-pangé gusahen.
15 Nanging tunggaké karebèn kèri
ing lemah, cancangen nganggo ranté
wesi lan tembaga. Karebèn tetep

ana ing ara-ara awor suket. Karebèn
katelesan déning ebuning langit lan urip
bebarengan karo kéwan lan thethukulan.
16 Pitung taun lawasé wong kuwi bakal
ora kadunungan budining manungsa,
nanging budining kéwan.
17 Mengkono putusané para malaékat
sing waspada lan siaga. Kaya mengkono
mau supaya wong kabèh ing ngendi waé
ngerti, yèn Pangéran Kang Mahaluhur
ngwaosi kraton-kratoné manungsa lan
maringaké kraton mau marang sapa
waé sing dikersakaké, senajan wong
sing asor dhéwé pisan bisa kaparingan
déning Panjenengané.’
18 Kaya mengkono impèn sing
daktampa, mengkono pangandikané
Sang Prabu Nebukadnésar, ‘Saiki kowé,
Bèltsazar, aturna marang aku apa
tegesé impèn kuwi. Merga sakèhing
para penaséhaté kraton ora ana sing
bisa, mung kowé sing bisa, jalaran kowé
kadunungan rohé para déwa suci.’"
19 Krungu mengkono mau Dhanièl
sing iya karan Bèltsazar mung meneng
waé karo dheleg-dheleg merga saka
kagèté. Sang Prabu ngandika menèh,
"Bèltsazar, impèn lan tegesé kuwi aja

nganti gawé kagètmu." Atur wangsulané
Bèltsazar, "Dhuh Sang Prabu, impèn lan
ketranganipun menika mugi namunga
katujokaken dhateng para satru paduka
lan mboten dhateng paduka.
20 Wit ingkang agengipun ngantos
sundhul ing langit menika ketingal ing
salumahing bumi.
21 Ronipun éndah sanget, lan
wohipun mbiyet sanget ngantos saged
kanggé nggesangi jagad saisènipun.
Kéwan galak sami njerum ngaso ing
sangandhapipun, lan peksi-peksi sami
damel susuh wonten ing pang-pangipun.
22 Dhuh Sang Prabu, wit menika
mboten sanès Sang Prabu piyambak,
inggil lan sentosa. Paduka sampun
mindhak-mindhak ing kamulyan ngantos
sundhul ing langit, lan pangwaos paduka
nyrambahi salumahing bumi.
23 Nalika Sang Prabu taksih
maspadakaken tetingalan menika,
wonten malaékat tumedhak saking
swarga kalayan ngandika, ‛Wité tegoren
lan sirnakna, mung karèkna tunggaké.
Tunggak kacancanga nganggo ranté
wesi lan tembaga, karebèn tetep ana
ing ara-ara awor suket, lan teles déning

ebuning langit sarta awor kéwan galak
nganti pitung taun lawasé.’
24 Tegesipun menika mekaten: Dhuh
Sang Prabu, Gusti Allah Ingkang
Mahaluhur sampun paring pirsa dhateng
panjenengan bab menapa ingkang
badhé kelampahan.
25 Paduka badhé katundhung saking
masarakating manungsa lan manggèn
awor kaliyan kéwan-kéwan ing wana.
Pitung taun laminipun paduka badhé
dhahar rumput kados lembu jaler,
lan saré wonten ing ara-ara, teles
déning ebuning langit ingkang ndhawahi
paduka, ngantos paduka ngakeni
bilih Allah Ingkang Mahaluhur menika
ingkang ngwaosi kraton-kratoning
manungsa, sarta saged maringaken
dhateng soktiyanga ingkang dipun
kersakaken.
26 Para malaékat sami mutusaken
nilar tunggak menika wonten ing siti.
Menika tegesipun bilih paduka badhé
jumeneng raja malih, sesampunipun
paduka ngakeni, bilih ingkang ngratoni
salumahing bumi menika namung Allah
piyambak.

27 Pramila dhuh Sang Prabu, kersaa
nampi pamrayogi kawula, inggih
menika ngèndeli damel dosa sarta
nindakna kaleresan saha kawelasan
dhateng tiyang miskin. Menawi mekaten
Sang Prabu badhé lestantun ngalami
karaharjan."
28 Kabèh mau kelakon nekani marang
Sang Prabu Nebukadnésar;
29 awit let rolas sasi, nalika pinuju
tindak-tindak ana ing payoné kedhaton
ing Babil,
30 panjenenganė ngandika, "Saiba ta
gedhéné Babil iki! Apa dudu aku sing
yasa kutha Babil nganggo kekuwataning
pangwasaku, dakdadèkaké kutha krajan
tandha gedhéning kamulyanku."
31 Durung rampung enggoné ngandika,
dumadakan ana swara saka langit
ngandika, "Raja Nebukadnésar,
rungokna pangandika-Ku! Kratonmu wis
kapundhut saka ing kowé.
32 Kowé bakal katundhung saka
antarané manungsa lan bakal urip amor
karo kéwan alasan, sarta mangan suket
kaya sapi, nganti pitung taun lawasé.
Kowé bakal ngakoni yèn Allah Kang
Mahaluhur kuwi sing ngwaosi kraton-

kratoning manungsa lan maringaké
marang sokwonga sing dikersakaké."
33 Pangandika mau sanalika kelakon.
Sang Prabu Nebukadnésar kasingkiraké
saka antarané masarakating manungsa
lan dhahar suket kaya sapi. Sarirané
teles déning ebuning langit. Rémané dadi
dawa kaya wuluning manuk garudha, lan
kukuné iya kaya kukuning manuk.
34 Sang Prabu Nebukadnésar ngandika,
"Bareng wis kliwat pitung taun,
aku banjur tumenga ing langit lan
akal-budiku bali menèh. Aku banjur
memuji asmané Allah Kang Mahaluhur,
dakluhuraké lan dakmulyakaké
Panjenengané kang gesang langgeng
ing selawas-lawasé. Panjenengané bakal
ngerèh ing selawasé, lan kratoné bakal
langgeng tanpa wangenan.
35 Para wong sing ana ing bumi
kaanggep rèmèh. Malaékat ing swarga
lan manungsa ing bumi kabèh ana ing
pangwasané. Ora ana manungsa sing
bisa nyegah kersané utawa nyuwun pirsa
bab pendamelé."
36 Bareng akal-budiku pulih, kaluhuran
lan kamulyaning kratonku iya kabalèkaké
marang aku menèh. Para pegawéku lan

para luhur padha methukaké aku. Aku
nampani menèh kraton lan pangwasaku,
malah ngungkuli sing wis kepungkur.
37 Saiki aku, Nebukadnésar, memuji,
ngluhuraké sarta mulyakaké Ratuning
Swarga. Sakèhé pendamelé bener lan
adil; sarta kwaos ngasoraké wong-wong
sing gemunggung.
5 1 Ing sawijining bengi Sang Prabu
Bèlsyazar ngulemi para priyagung
sèwu diajak kembul bujana ana ing
kraton. Ana ing kono padha ngunjuk
anggur bebarengan.
2 Nalika lagi padha ngunjuk Sang
Prabu Bèlsyazar dhawuh nggawa
mlebu tuwung-tuwung saka emas
lan slaka sing biyèn kaasta déning
Sang Prabu Nebukadnésar, ramané,
saka Pedalemané Allah ing Yérusalèm.
Enggoné utusan njupuk tuwung-tuwung
kuwi supaya panjenengané, para luhur,
garwa-garwané lan selir-seliré bisa
padha ngunjuk nganggo tuwung mau.
3 Tuwung-tuwungé banjur digawa
mrono, sarta kabèh nuli padha ngunjuk
anggur nganggo tuwung-tuwung kuwi.
4 Sajroné padha ngunjuk anggur karo
memuji déwa-déwa emas lan slaka,

tembaga sarta wesi apa déné kayu lan
watu.
5 Dumadakan katon kaya tanganing
manungsa nulis ana ing témboké
kedhaton sing kasorotan déning lampu-
lampu sing padhang banget. Sang Prabu
pirsa tangan sing lagi nulis,
6 pasuryané banjur dadi pucet lan saka
wediné sampéyané ngoplok.
7 Banjur dhawuh kanthi sora utusan
nekakaké para ahli sihir, ahli tenung
lan ahli pelintangan. Bareng wis
padha kasowanaké Sang Prabu, banjur
dingandikani, "Sapa waé sing bisa maca
tulisan kuwi lan nerangaké apa tegesé
bakal dienggoni jubah keprabon wungu,
dikalungi ranté emas, sarta kaparingan
pangwasa dadi wong katelu ana ing
kratonku."
8 Para penaséhaté kraton mau banjur
padha maju, nanging siji waé ora ana
sing bisa maca tulisané utawa ngaturaké
apa tegesé.
9 Sang Prabu Bèlsyazar penggalihé saya
semplah, sarta banjur dadi saya pucet,
lan para penggedhé ora ngerti apa sing
kudu ditindakaké.

10 Ibuné Sang Prabu bareng mireng
banjur mlebet ing papaning bujana,
sarta ngandika, "Sang Prabu lestaria
sugeng ing selawasé! Aja kuwatir lan aja
dadi pucet.
11 Ing kraton kéné ana wong sing
kadunungan rohing para déwa suci.
Nalika kang rama jumeneng raja,
wong mau ketitik enggoné wasis, duwé
kawruh, lan wicaksana. Lan Sang Prabu
Nebukadnésar, kang rama wis misudha
wong mau dadi penggedhéné para
sarjana, para nujum, para juru tenung
lan para ahli pelintangan.
12 Wong kuwi ampuh, wasis lan pinter
nerangaké impèn, ngudhari prekara-
prekara sing ruwed, sarta ngungkap
prekara-prekara sing winadi. Jenengé
Dhanièl, sing iya karan Bèltsazar,
dhawuha nggolèki. Wong mau bakal bisa
nerangaké apa tegesé kuwi kabèh."
13 Sanalika Dhanièl disowanaké ing
ngarsané Sang Prabu. Sang Prabu
banjur ngandika marang Dhanièl, "Apa
kowé kuwi Dhanièl, wong Yahudi sing
kaboyong mréné saka Yéhuda déning
ramaku?

14 Aku krungu yèn kowé kadunungan rohing para déwa suci, lan kowé wong wasis kaparingan kawruh lan kawicaksanan.
15 Para wong wicaksana lan para ahli ngèlmu wis padha kasowanaké mréné supaya maca lan nerangaké tegesé tulisan iki marang aku, nanging padha ora bisa.
16 Aku krungu yèn kowé ngerti prekara sing samar sarta bisa nerangaké prekara-prekara sing winadi. Yèn kowé bisa maca tulisan kuwi lan ngaturaké uninga marang aku apa tegesé, kowé bakal dienggoni jubah keprabon wungu, dikalungi ranté emas lan kawisudha dadi wong katelu sing nyekel pangwasa ana ing kraton."
17 Unjuké Dhanièl, "Ganjaranipun Sang Prabu kagema Sang Prabu piyambak, utawi kaparingna tiyang sanès, kawula badhé maosaken kagem Paduka menapa ingkang kaserat sarta ngaturi pirsa menapa tegesipun.
18 Gusti Allah Ingkang Mahakwasa sampun njumenengaken kang rama, Sang Prabu Nebukadnésar dados ratu

agung, kanthi kaparingan pangwaos lan
kamulyan.
19 Kawibawanipun semanten agengipun
ngantos tiyang sedaya, bangsa-bangsa
menapa kémawon basanipun sami ajrih
saha gemeter wonten ing ngarsanipun.
Sinten ingkang dipun kersakaken pejah,
dipun pejahi. Sinten ingkang dipun
kersakaken gesang, dipun gesangi.
Panjenenganipun paring kaluhuran
dhateng ingkang dipun kersakaken,
lan nglorod sinten ingkang dipun
kersakaken.
20 Nanging sarèhné panjenenganipun
gemunggung, wangkot lan ambek
siya mila lajeng kalèngsèr saking
dhamparipun sarta kécalan
kalenggahanipun ingkang luhur
wau.
21 Panjenenganipun lajeng
kasingkiraken saking jagading
manungsa, sarta budinipun dados kados
budinipun kéwan. Panjenenganipun
lajeng awor kaliyan kuldi wana, dhahar
rumput kados lembu sarta saré ing ara-
ara, ngantos teles déning ebuning langit.
Ngantos panjenenganipun ngakeni, bilih
Gusti Allah Ingkang Mahaluhur menika

ngwaosi kratoning manungsa sarta
saged maringaken dhateng soksintena
ingkang dipun kersakaken.
22 Nanging paduka, putranipun, mboten
andhap-asor, senajan paduka nguningani
menika sedaya.
23 Paduka sampun ngrèmèhaken
dhateng Allah ing swarga margi dhawuh
nganggé pirantosing Pedalemanipun
Allah, inggih menika tuwung lan cangkir
kagem ngunjuk anggur para pengageng,
para garwa saha para selir kalayan
memuji dhateng déwa-déwa ingkang
kadamel saking emas, slaka, tembaga,
tosan, kajeng lan séla, inggih déwa-déwa
ingkang mboten saged ningali, mireng,
menapa malih ngertos menapa-menapa.
Paduka mboten ngluhuraken Gusti Allah
ingkang nemtokaken pejah gesangipun
manungsa, sarta mirsani tindak-tanduk
paduka.
24 Inggih awit saking menika Gusti Allah
lajeng ngutus tangan ingkang nyerat
seratan menika wonten ing témbok.
25 Seratan menika ungelipun mekaten:
‘Mené, mené, tekèl, ufarsin’.
26 Mené, (étang, cacah) tegesipun:
wekdal pepréntahan paduka sampun

kaétang déning Gusti Allah sarta dipun
pungkasi.
27 Tekèl (timbangan), tegesipun:
paduka sampun dipun timbang
mawi timbangan, mangka pinanggih
kènthèngen.
28 Ufarsin (dipun bagi), tegesipun:
kratonipun Sang Prabu badhé kabagi lan
kaparingaken dhateng bangsa Médi lan
bangsa Pèrsia."
29 Sanalika Sang Prabu Bèlsyazar
dhawuh ngenggoni Dhanièl jubah
keprabon wungu lan ngalungaké ranté
emas ing guluné. Dhanièl kawisudha
ing kalenggahan kang nyekel pangwasa
katelu ing kraton Babil.
30 Ing bengi kuwi uga Sang Prabu
Bèlsyazar, ratuné wong Babil, kasédanan.
31 (6-1)sang Prabu Dharius, raja Médi
sing yuswa 62 taun nggentèni jumeneng
raja.
6 1 (6-2) Sang Prabu Dharius banjur
misudha gubernur cacahé 120,
sing bakal nindakaké pepréntahan ing
sanegara kabèh.
2 (6-3) Kejaba kuwi panjenengané
ngangkat Dhanièl lan wong loro liyané
dadi pengawas sing ngawat-awati para

gubernur sarta nggatèkaké kepentingané
Sang Prabu, supaya Sang Prabu aja
nganti kapitunan.
3 (6-4) Ora suwé banjur ketitik yèn
Dhanièl enggoné nyambut-gawé luwih
becik ketimbang karo pengawas liya-
liyané lan para gubernur. Merga saka
kabecikané mau Sang Prabu menggalih
arep ngangkat Dhanièl dadi pengawasé
sanegara kabèh.
4 (6-5) Para pengawas lan para
gubernur nuli padha nggolèki kaluputané
Dhanièl sajroning nglakoni pegawéané.
Nanging padha ora bisa nemokaké,
sebab Dhanièl kuwi wong temen, lan ora
gelem laku slingkuh utawa ngapusi.
5 (6-6) Wong-wong mau banjur padha
rerasanan, "Kita mesthi ora bakal bisa
nemokaké kaluputané Dhanièl, kejaba
bab kaprecayané."
6 (6-7) Wong-wong mau nuli padha
sowan ing ngarsané Sang Prabu lan
matur, "Dhuh Sang Prabu Dharius,
sugenga ing selaminipun!
7 (6-8) Kawula sedaya ingkang nyepeng
pepréntahan: para pengawas, para
gubernur, wakil gubernur lan pegawé
sanès-sanèsipun, sami sarujuk, bilih

Sang Prabu ndhawuhaken prenatan keras, inggih menika bilih salebetipun tigang dasa dinten menika mboten wonten tiyang setunggal-tunggala kaparengaken ngunjukaken panyuwunan menapa-menapa dhateng déwa utawi tiyang menapa kémawon, kejawi dhateng Sang Prabu piyambak. Sinten kémawon tiyangipun ingkang nerak prenatan menika kedah kacemplungaken wonten ing luwengipun singa.
8 (6-9) Sang Prabu mugi kersa ndhawuhaken prenatan menika sarta napak-asmani, dadosa prenatan miturut hukumipun tiyang Médi lan Pèrsia, ingkang mboten saged kasuwak."
9 (6-10) Sang Prabu Dharius iya banjur napak-asmani dhawuh mau.
10 (6-11) Bareng Dhanièl krungu yèn dhawuh mau wis ditapak-asmani banjur mulih. Ing omahé ana lotèngé, jendhéla-jendhélané madhep menyang Yérusalèm. Ana ing kamaré lotèng mau Dhanièl kaya adat-sabené sujud jèngkèng madhep jendhéla lan ndedonga marang Allah sedina ping telu.

11 (6-12) Bareng para mungsuhé weruh Dhanièl lagi ndedonga marang Gusti Allah,
12 (6-13) wong kabèh mau banjur padha bebarengan sowan Sang Prabu nglapuraké Dhanièl. Unjuké, "Dhuh Sang Prabu, paduka sampun napak-asmani dhawuh, bilih sinten kémawon ingkang salebetipun tigang dasa dinten menika ngunjukaken panyuwun dhateng déwa utawi manungsa sinten kémawon, kejawi dhateng paduka piyambak, badhé kacemplungaken ing luwenging singa?" Paring wangsulané Sang Prabu, "Iya bener, kuwi préntah keras, miturut hukumé wong Médi lan wong Pèrsia sing ora kena dibatalaké."
13 (6-14) Wong-wong mau banjur padha munjuk, "Dhanièl, tiyang bucalan saking Yéhuda menika mboten maèlu utawi ngèstokaken dhawuh ingkang sampun kaundhangaken menika. Piyambakipun ajeg sembahyang sedinten kaping tiga."
14 (6-15) Bareng mireng atur sing mengkono mau Sang Prabu kagèt banget lan ngudi bisané ngluwari Dhanièl, nganti srengéngéné surup.

15 (6-16) Wong-wong mau banjur
bali menèh sowan Sang Prabu sarta
munjuk, "Dhuh Sang Prabu, paduka
pirsa bilih miturut hukumipun tiyang
Médi lan Pèrsia dhawuh ingkang sampun
kaundhangaken menika mboten kénging
dipun éwahi."
16 (6-17) Sang Prabu banjur
dhawuh supaya Dhanièl dicekel lan
kacemplungaké ing guwa sing kebak
singa. Pangandikané Sang Prabu
marang Dhanièl, "Muga-muga Allah sing
kokbektèni kanthi mantep kuwi kersa
ngluwari kowé."
17 (6-18) Cangkemé guwa mau banjur
katutup nganggo watu gedhé. Watu mau
banjur disègel nganggo sègel keprabon
lan sègelé para penggedhé, supaya aja
ana wong sing bisa ngluwari Dhanièl.
18 (6-19) Sang Prabu banjur kondur
menyang kedhaton, nanging sawengi
muput panjenengané ora saré, ora
dhahar lan ora ngersakaké kasenengan
apa-apa.
19 (6-20) Bareng wis ésuk panjenengané
wungu lan énggal-énggal tindak
menyang guwa singa.

20 (6-21) Tekan sacedhaké guwa
panjenengané nimbali Dhanièl karo
sedhih, "Dhanièl, abdiné Allah kang
gesang! Apa Allahmu sing kokbektèni
kanthi tumemen saged ngluwari kowé
saka singa-singa kuwi?"
21 (6-22) Unjuk wangsulané Dhanièl,
"Dhuh Sang Prabu, mugi langgenga
yuswa paduka!
22 (6-23) Gusti Allah sampun ngutus
malaékatipun mbungkem cangkemipun
singa-singa menika. Gusti Allah sampun
tumindak mekaten margi pirsa bilih kula
mboten gadhah kalepatan dhateng Sang
Prabu."
23 (6-24) Sang Prabu banget bungahé,
banjur paring dhawuh supaya Dhanièl
diwetokaké saka guwa. Dhanièl banjur
diunggahaké lan ketitik ora ana tatuné
apa-apa, merga saka enggoné kumandel
marang Allahé.
24 (6-25) Sang Prabu banjur dhawuh
nyepeng wong-wong sing padha nggugat
Dhanièl sarta sing padha nyemplungaké
ing guwa sing kebak singa, malah iya
para bojo lan anak-anaké kabèh. Wong-
wong mau durung nganti tekan ing jero

guwa wis ditubruk déning singa-singa
mau lan balungé diremuk-remuk.
25 (6-26) Raja Dharius banjur kintun
serat marang wong-wong ing salumahé
bumi, yakuwi para bangsa, trah lan basa
apa waé, uniné mengkéné, "Salam!
26 (6-27) Lantaran layang iki aku
dhawuh marang sedhéngah wong sing
ana ing wilayah kraton padha wedia
lan hurmata marang Allahé Dhanièl.
Panjenenganė iku Allah kang gesang, lan
pangrèhé bakal langgeng ing selawasé.
Kratoné bakal ora ngalami rusak, lan
pangwasané langgeng tanpa wekasan.
27 (6-28) Panjenengané nylametaké lan
ngluwari, damel kaélokan lan mujijat
ana ing swarga lan ing bumi. Iya
Panjenengané sing ngluwari Dhanièl,
nganti ora dimangsa déning singa."
28 (6-29) Dhanièl ngalami katentreman
ing jaman pepréntahané Raja Dharius
lan ing jamané Sang Prabu Korèsy, raja
Pèrsia.

7 1 Ing taun kapisané Sang Prabu
Bèlsyazar jumeneng raja ing Babil,
aku ing sawijining bengi nampa wahyu
sajroning impèn. Impèn mau daktulis
ing ngisor iki

2 Ian dakcritakaké rerupan sing
dakdeleng ing bengi kuwi: Ana angin
teka saka kéblat papat gawé kocaké
banyuné segara.
3 Banjur ana sato kéwan papat gedhé
banget jumedhul saka njeroné segara.
Sato mau rupané béda-béda.
4 Sato sing kapisan rupané kaya
singa, nanging duwé swiwi kaya swiwiné
manuk garudha. Sajroné isih daksawang,
swiwiné kajabud. Sato mau banjur tangi
lan ngadeg kaya wong, lan sato mau
banjur kaparingan budi kaya manungsa.
5 Sato sing kapindho rupané kaya
bruwang, ngadeg nganggo sikilé mburi.
Cangkemé bruwang mau nyokot balung
iga telu, lan ana swara kandha karo
bruwang mau, "Terusna enggonmu
mangan daging, mangana sawaregmu!"
6 Nalika aku isih nyawang bruwang mau
ana sato siji menèh jumedhul. Rupané
kaya macan tutul, nanging ing gegeré
ana swiwiné papat, kaya swiwi manuk.
Sato mau endhasé papat, sarta duwé
pangwasa.
7 Sajroné aku isih nyawang sato mau,
sato sing nomer papat jumedhul.
Rupané medèni banget, katon rosa

lan nggegirisi. Nganggo untuné wesi sing gedhé banget sato mau ngremuk mangsané, banjur diidak-idak. Béda karo sato liya-liyané, sato mau ana sunguné sepuluh.

8 Nalika aku isih nyawang sunguné, dumadakan ana sungu cilik muncul ing antarané sungu-sungu liyané. Sungu cilik mau nyundhul sungu telu sing wis ana nganti coplok. Sungu cilik mau ana matané kaya mripat manungsa lan duwé cangkem lan sumbar-sumbar nganggo tembung angkuh.

9 Sajroné isih nyawang terus dumadakan ana dhampar-dhampar katata. Panjenenganané Kang Gesang Langgeng pinarak ing dhampar mau salah siji. Agemané putih memplak kaya salju, lan rémané putih kaya wuluning wedhus gèmbèl. Dhampar sing dilenggahi mau kapasangan rodha murub, mula dhampar kuwi iya murub makantar-kantar.

10 Dhampar mau metokaké geni kaya ilining banyu sing diesokaké. Ing kanané ana wong maèwu-èwu sing padha ngladosi Panjenenganė, lan wong mayuta-yuta padha ngadeg ana ing

ngarsané. Pradataning Pengadilan banjur
mbukak sidhangé lan kitab-kitabé padha
dibukak.
11 Sajroné nyawang terus, aku
isih krungu swarané sungu cilik
mau ngucapaké tembung-tembung
gemunggung. Bareng daksawang, sato
sing nomer papat dipatèni, lan dibuwang
ing geni nganti sirna.
12 Sato-sato liyané kapundhut
pangwasané, nanging padha
diparengaké urip kanggo sawetara
mangsa.
13 Ing wahyu sing daktampa bengi kuwi
aku weruh rerupan mèmper manungsa,
nyedhaki aku, ketutupan ing méga.
Banjur sowan Panjenengané Kang
Gesang Langgeng.
14 Panjenengané kaparingan pangwasa,
kaurmatan lan wewenangé ratu,
supaya sakèhé umat, bangsa, trah lan
basa padha ngladosi Panjenengané.
Pangwasané bakal langgeng ing
selawasé, lan kratoné bakal ora ana
wekasané.
15 Wahyu-wahyu sing dakdeleng mau
gawé kagètku, nganti atiku resah.

16 Aku banjur nyedhaki wong sing
ngadeg ana ing kono karo njaluk tulung
nerangaké marang aku, apa tegesé
kuwi mau kabèh. Wong mau banjur
nerangaké marang aku, apa tegesé kuwi
mau kabèh.
17 Pangandikané, "Sato papat sing
gedhé-gedhé kuwi kraton papat sing
bakal madeg ing bumi.
18 Umaté Allah Kang Mahaluhur bakal
padha nampani pangwasa nindakaké
pepréntahan lan bakal padha nyekel
pepréntahan mau ing selawas-lawasé."
19 Aku kepéngin ngerti luwih akèh
menèh bab sato papat, sing béda-
béda, kayata sato sing gedhé banget,
sing ngremuk mangsané nganggo
cakaré tembaga lan untuné wesi sarta
ngidak-idak mangsané mau.
20 Semono uga aku kepéngin ngerti bab
sungu sepuluh sing ana ing endhasé,
sarta sungu sing thukulé kèri lan
marakaké sungu telu sing wis ana
dhisik padha coplok. Sungu mau duwé
mata lan cangkem sarta ngucapaké
tembung-tembung gemunggung. Sungu
kuwi luwih nggegirisi ketimbang karo
sungu-sungu liyané.

21 Sajroné isih daksawang, dumadakan sungu mau nglurugi perang umaté Allah lan nelukaké umat mau.
22 Panjenengané Kang Gesang ing selawasé nuli rawuh lan paring keadilan marang para umaté Allah Kang Mahaluhur. Wis tekan wektuné para umaté Allah padha nyekel pepréntahan.
23 Ketrangan sing diparingaké marang aku mengkéné, "Sato sing nomer papat kuwi kraton sing madeg nomer papat ana ing bumi lan bakal béda kaanané karo kraton liya-liyané kabèh. Kraton sing nomer papat kuwi bakal ngremuk lan ngidak-idak salumahé bumi.
24 Sungu sepuluh kuwi raja sepuluh sing bakal ngerèh kraton mau. Sawisé mengkono banjur bakal ana raja jumeneng; raja kuwi bakal béda banget karo raja-raja sadurungé, sarta nglèngsèr raja telu sing wis ana.
25 Raja anyar kuwi bakal nyenyamah Allah Kang Mahaluhur sarta nganiaya umaté Allah. Raja mau iya bakal ngudi ngowahi wektu lan prenatan-prenatan. Umaté Allah bakal kelakon dirèh déning ratu mau, lawasé telu setengah taun.

26 Sawisé mengkono Pradataning
Pengadilan sing ana ing swarga bakal
ndhawahaké kerampungan. Ratu mau
bakal kapundhut pangwasané, banjur
ditumpes babar-pisan.
27 Sakèhé pangwasaning pepréntahané
para raja ing salumahing bumi bakal
kaparingaké marang wong-wong
kagungané Allah Kang Mahaluhur.
Pepréntahané wong-wong mau bakal
ora ana wekasané, lan sakèhé raja
ing bumi bakal padha dadi abdiné lan
mbangun-turut marang pangrèhé.
28 Tekan seméné critaku. Aku ketaman
ing giris, nganti rupaku pucet. Kabèh
mau daksimpen ana ing atiku dhéwé."
8 1 Ing taun kateluné pepréntahané
Sang Prabu Bèlsyazar, aku nampa
wahyu sing kapindho.
2 Ing wahyu mau aku jebul ana ing
kutha Susan sing dikubengi bètèng,
dunungé ana ing propinsi Élam. Aku
ngadeg ana ing sapinggiring Kali Ulai.
3 Ing kono aku weruh ana wedhus
gèmbèl lanang ngadeg ing sapinggiring
kali. Wedhus mau sunguné loro dawa-
dawa, sungu sing siji luwih dawa lan
luwih enom ketimbang karo sijiné.

4 Aku ndeleng wedhus gèmbèl mau
mbijig mengulon, mengalor, lan
mengidul. Ora ana kéwan siji-sijia sing
bisa ngendheg tumindaké wedhus mau
utawa ngéndhani. Wedhus mau tumindak
sekarep-karep lan dadi gemedhé.
5 Sajroné nyawang karo gumun lan
kepéngin ngerti tegesé kuwi mau,
dumadakan ana wedhus bérok lanang
mlayu banter banget saka Kulon, saka
banteré playuné nganti tracaké presasat
ora ngambah lemah. Ing selaning
matané ana sunguné siji.
6 Wedhus mau nuli nyrudug wedhus
gèmbèl lanang sing ngadeg ing
sapinggiring kali; enggoné nyrudug
sekatogé karosané.
7 Aku ngawasaké. Saka nepsuné
wedhus gèmbèl lanang mau disundhang
nganti sunguné loro pisan tugel.
Wedhusé gèmbèl lanang ora duwé
kekuwatan kanggo nanggulangi. Malah
dibanting lan diidak-idak déning wedhus
bérok, mangka ora ana sing bisa
mitulungi wedhus gèmbèl mau.
8 Wedhus bérok mau enggoné gemedhé
saya ndadi, nanging bareng wis tekan
pucuking pangwasané sunguné tugel.

Minangka gantiné banjur thukul sungu
anyar gedhé cacahé papat, saben sungu
madhep kéblat séjé.
9 Sungu mau ana siji sing kethukulan
sungu cilik, sing banjur dadi gedhé
banget. Thukulé mengidul, mengétan
lan madhep marang Tanah Prejanjian.
10 Sungu mau dadi rosa banget nganti
wani nyerang tentara swarga, malah uga
lintang-lintang, nganti ana lintang sing
tiba ing bumi, banjur diidak-idak.
11 Wedhusé malah nantang Allah,
Ratuning tentara swarga, sarta nglarang
wong nyaosaké kurban pedinan
marang Panjenengané sarta najisaké
Pedalemané Allah.
12 Ana ing Pedaleman kono wong ora
padha nyaosaké kurban, nanging malah
padha gawé dosa, sarta ngabekti marang
allah sing sabeneré kudu kabuwang kaya
larahan ana ing lemah. Apa waé sing
ditindakaké déning sungu mau dadi.
13 Aku banjur krungu ana malaékat
sing takon karo kancané, "Nganti pira
lawasé tumindaké prekara-prekara sing
katon ing wahyu iki? Nganti pira lawasé
dosa sing njijiki kuwi ngganti kurban
pedinan? Nganti pira lawasé tentara

swarga diidak-idak lan Pedalemané Allah
kuwi dijag-jag?"
14 Aku krungu malaékat sijiné mangsuli,
"Lawasé nganti 1.150 dina, sawisé
kuwi ing Pedalemané Allah bakal
kacaosaké kurban soré lan ésuk menèh.
Pedalemané Allah bakal pulih kaya sing
uwis-uwis."
15 Sajroné aku ngudi supaya ngerti
maknané wahyu mau, dumadakan ana
wong ngadeg ana ing ngarepku.
16 Aku krungu ana swara saka Kali Ulai
muni mengkéné, "Gabrièl, terangna
tegesé wahyu sing dideleng kuwi."
17 Gabrièl banjur teka lan ngadeg jèjèr
aku, lan saka wediku aku nganti ambruk
ing lemah. Pangandikané Gabrièl marang
aku, "Hé manungsa sing apes, ngertia
yèn wahyu mau kanggo ing jaman
wekasan!"
18 Sajroné Gabrièl isih ngandika, aku
ambruk ing lemah semaput. Nanging
aku dicekel lan didegaké menèh,
19 karo ngandika, "Kowé dakkandhani
apa sing bakal kelakon merga saka
paukumané Allah ing wekasané jaman.

20 Wedhus gèmbèl lanang sing kokdeleng lan sunguné loro mau ibaraté kraton Médi lan Pèrsia.
21 Déné wedhus bérok lanang mrelambangi kraton Yunani. Sungu siji sing gedhé ing selaning matané kuwi raja sing kawitan.
22 Déné sungu papat sing thukul nalika sungu sing kawitan tugel, kuwi nerangaké yèn kraton Yunani mau bakal pecah dadi papat. Papat-papaté ora ana sing pangwasané ngungkuli kraton sing kapisan.
23 Ngadhepaké ambruké kraton papat mau piala wis tekan pucaké nganti kudu diukum. Ing kono bakal jumedhul ratu sing wangkot atiné, ambek siya lan dhemen ngapusi.
24 Ratu mau bakal olèh pangwasa gedhé, nanging ora saka kekuwatané dhéwé. Ratu mau bakal nekakaké karusakan gedhé lan apa sing ditandangi olèh gawé. Bakal nekakaké karusakan marang para penggedhé lan marang para umat kagungané Allah.
25 Merga saka juligé raja mau, nganti apa waé sing dikersakaké bisa kelakon. Raja mau bakal dadi gemunggung

sarta matèni wong akèh tanpa dipriksa.
Nanging wekasané raja mau bakal
katumpes, tanpa migunakaké tangané
manungsa.
26 Wahyu bab kurban soré lan kurban
ésuk sing wis katerangaké marang kowé
mau kabèh bakal kelakon temenan.
Nanging wewadi iki enggonen dhéwé,
sebab kelakoné isih suwé banget."
27 Atiku sedhih lan awakku lara kabèh
nganti sawetara dina lawasé. Aku banjur
tangi lan wiwit nyambut-gawé menèh
kanggo Sang Prabu, nanging atiku geter
merga saka wahyu mau lan ora ngerti
apa karepé.
9 1 Sang Prabu Dharius trah Média,
putrané Sang Prabu Akhaswéros,
jumeneng raja ing Babil.
2 Ing taun wiwitané pepréntahané,
aku nitipriksa kitab-kitab suci lan
mikir-mikir bab kaanané Yérusalèm, sing
miturut pangandikané Allah marang Nabi
Yérémia, pitung puluh taun lawasé bakal
dadi jugrugan.
3 Aku nyuwun kanthi banget ing
pandongaku marang Gusti Allah, kanthi
ngasih-asih, pasa, nganggo sandhangan
bagor, lan lungguh ing awu.

4 Aku ndedonga marang Pangéran
Allahku, karo ngakoni dosa-dosaku.
Unjukku, "Dhuh Allah, Paduka menika
Mahaluhur, mila kawula ngluhuraken
Paduka. Paduka menika setya dhateng
prejanjian Paduka, saha ngetingalaken
sih Paduka dhateng sedaya tiyang
ingkang tresna dhateng Paduka, sarta
nglampahi dhawuh-dhawuh Paduka.
5 Kawula sami damel dosa, kawula sami
tiyang awon, ingkang nglampahi piawon.
Kawula sami nampik dhawuh ingkang
Paduka paringaken supados kawula
lampahi, nanging milih nyimpang saking
mergining kaleresan ingkang Paduka
tedahaken.
6 Kawula mboten sami mirengaken
abdi Paduka, para nabi, ingkang sami
ngandika atas asma Paduka dhateng
para ratu kawula, dhateng leluhur
kawula, saha dhateng umat Israèl
sedaya.
7 Dhuh Allah, Paduka menika
ingkang leres, nanging kawula tansah
ndhatengaken wirang dhateng badan
kawula piyambak. Inggih kawula,
bangsa Israèl ingkang sami manggèn
ing Yéhuda lan ing Yérusalèm, menapa

malih ingkang Paduka sebar manggèn
ing negari-negari celak lan tebih; kawula
sedaya mboten sami setya dhateng
Paduka.
8 Para ratu kawula, para pengageng
lan para leluhur kawula sampun damel
wirang dhateng Paduka lan damel dosa
dhateng Paduka.
9 (9:8)
10 Dhuh Pangéran Allah kawula, nalika
Paduka ngandika bilih kawula kedah
sami gesang miturut dhawuh-dhawuh
peparing Paduka lantaran para nabi, abdi
Paduka.
11 Tiyang Israèl sedaya sampun nerak
dhawuh-dhawuh Paduka lan nampik
mirengaken pangandika Paduka. Kawula
sampun sami damel dosa dhateng
Paduka, ngantos Paduka sampun
ndhatengaken paukuman kados ingkang
kaserat ing prenatanipun Musa, abdi
Paduka.
12 Paduka sampun netepi menapa
ingkang sampun Paduka ngandikakaken
sadèrèngipun, bab kasangsaran ingkang
badhé Paduka paringaken dhateng
kawula. Yérusalèm sampun Paduka
ukum, awratipun ngungkuli paukuman

ingkang kadhawahaken dhateng kitha
sanès-sanèsipun.
13 Cocog kaliyan paukuman ingkang
kasebut ing prenatanipun Musa.
Éwasemanten, dhuh Allah, menika wau
sedaya mboten damel kawula sami
mratobat saking dosa-dosa kawula,
sarta mlampah ing mergining kaleresan.
14 Dhuh Pangéran, Paduka menika
Allah kawula. Paduka nyawisi paukuman
kanggé kawula lan inggih Paduka
paringaken, margi Paduka selaminipun
nindakaken kaleresan, mangka kawula
mboten sami purun mirengaken dhawuh
Paduka.
15 Dhuh Pangéran, Allah kawula, Paduka
sampun ngetingalaken pangwaos srana
ngirid umat Paduka medal saking tanah
Mesir, lan pangwaos Paduka menika
inggih tansah sami kawula èngeti.
Kawula sampun nglampahi dosa; kawula
sampun sami damel piawon.
16 Ing jaman ingkang sampun
kepengker kawula sampun Paduka
ayomi, pramila Yérusalèm sampun
Paduka ukum malih. Menika rak kitha
kagungan Paduka piyambak, gunung
Paduka ingkang suci. Sedaya bangsa

sakiwa-tengen kawula ngrèmèhaken
Yérusalèm lan umat Paduka margi saking
dosa-dosa kawula lan dosa-dosanipun
para leluhur kawula.
17 Dhuh Allah, mugi miyarsakaken
pesambat lan panyuwun kawula.
Pedaleman Paduka ingkang sampun
karisak menika mugi Paduka bangun
malih. Kabanguna malih, supados saben
tiyang sumerep bilih Paduka menika
Allah.
18 Mugi kersa miyarsakaken atur
kawula, dhuh Allah. Kersaa mirsani
kasisahan kawula, saha kasangsaranipun
kitha ingkang kasebut mawi asma
Paduka. Enggèn kawula ndedonga
lambaran sih-piwelas Paduka, mboten
lambaran kasaénan kawula.
19 Dhuh Pangéran, mugi kersa paring
pangapunten. Dhuh Pangéran, kersaa
miyarsakaken lan lajeng kersa tumindak!
Supados saben tiyang sami sumerepa,
bilih Paduka menika Allah. Mugi sampun
andedangu! Kitha saha umat menika rak
kagungan Paduka piyambak!"
20 Aku nerusaké enggonku ndedonga,
ngakoni dosa-dosaku lan dosa-dosané

umat Israèl, karo ngrerepa[a] ing
ngarsané Pangéran, Allahku, supaya
kersa mbangun Pedalemané Allah.
21 Sajroné ndedonga, dumadakan
Gabrièl, sing wis dakdeleng ana ing
wahyu sadurungé, mabur medhun
marani aku. Nalika semono lagi wektuné
saos kurban soré.
22 Gabrièl paring ketrangan mengkéné,
"Dhanièl, tekaku mréné prelu mbiyantu
kowé supaya ngerti maknané wahyu.
23 Nalika kowé ngasih-asih ana ing
ngarsané Pangéran, Panjenengané
paring wangsulan marang kowé.
Panjenengané asih marang kowé,
mulané aku teka prelu awèh weruh
marang kowé. Saiki rungokna sing
temenan ketranganku bab wahyu mau.
24 Wektu sing ditetepaké déning Allah
kanggo ngluwari umatmu lan nucèkaké
kutha suci saka dosa lan kanisthan kuwi
lawasé pitu ping pitung puluh taun. Ing
kono dosa bakal diapura lan keadilan
langgeng ditetepaké. Srana mengkono
wahyu lan ramalan bakal kelakon, sarta
Pedalemané Allah karesmèkaké menèh.

---

[a]ngrerepa: nyuwun kawelasan, ngasih-asih.

25 Titènana lan ngertia: Wiwit
saka wektu Allah dhawuh mbangun
Yérusalèm, tekan rawuhé Kang
Jinebadan[b] déning Allah, kuwi lawasé
pitu ping pitung taun. Sajroné sewidak
loro taun ping pitu Yérusalèm bakal
kabangun menèh, dalan-dalané lan
bètèngé, nanging ing jaman kuwi bakal
ana kasusahan akèh.
26 Sawisé jaman mau Kang Jinebadan
déning Allah bakal kasédanan tanpa
kaluputan. Kutha Yérusalèm lan
Pedalemané Allah bakal kagempur
déning tentaraning ratu sing gedhé
pangwasané, nglurugi perang mrono.
Tekané serangan kaya banjir, nggawa
karusakan sing wis katetepaké déning
Allah.
27 Raja mau bakal gawé prejanjian sing
abot karo rakyat lawasé pitung taun, lan
sawisé kliwat telu setengah taun, raja
bakal nglarang kurban sembelèhan lan
kurban dhaharan. Juru Pangrusak banjur
bakal teka rerikatan ing Pedalemané
Allah lan manggon ing kana, sarta padha

---

[b]Kang Jinebadan: Yang Diurapi (bhs. Ind.); Mèsias.

kasirnakaké déning Allah, kaya sing wis
katetepaké."
10 1 (Ing taun kang kateluné
pepréntahané Korèsy, ratu
ing Pèrsia, ana pangandikané Allah
kadhawuhaké marang Dhanièl, sing iya
karan Bèltsazar. Pangandika mau nyata
saka Pangéran, nanging angèl banget
digayuh ing nalar. Ketrangan bab tegesé
kaparingaké ana ing wahyu.)
2 Nalika semono aku lagi nglakoni
prihatin lawasé telung minggu.
3 Aku nyegah mangan énak lan daging,
ora ngombé anggur lan ora jungkatan
nganti sapundhaté telung minggu mau.
4 Nalika sasi kapisan taun kuwi tanggal
kaping patlikur, aku ngadeg ana ing
sapinggiré kali gedhé, yakuwi Bengawan
Tigris.
5 Bareng aku ngawasaké mendhuwur
aku weruh ana wong nganggo jubah léna
putih, sabukan emas murni.
6 Sariranè mencorong kaya permata.
Pasuryané padhang njingglang kaya
padhanging kilat. Paningalé murub kaya
geni. Astané lan sampéyané gilap kaya
tembaga sing digebeg, sarta swantené

kaya gemuruhé wong akèh padha
nglumpuk.
7 Sing weruh wahyu mau mung aku
dhéwé. Wong-wong sing bebarengan
karo aku ora padha weruh apa-apa,
nanging padha ketaman ing giris, banjur
padha mlayu ndhelik. Dadi aku mung
kari ijèn.
8 Bareng weruh wahyu sing
nggumunaké mau, awakku lemes,
ora duwé kekuwatan sethithik-thithika.
Raiku saking puceté nganti wong sing
ndeleng aku mesthi pangling.
9 Nalika aku krungu swarané, aku
semaput ambruk mengkureb ing lemah.
10 Banjur ana tangan sing nyekel
aku, aku diangkat cagakan tangan lan
dhengkulku karo wèl-wèlan.
11 Pangandikané malaékat marang aku,
"Dhanièl, Gusti Allah asih marang kowé.
Ngadega, rungokna lan gatèkna apa sing
dakkandhakaké iki. Aku diutus nemoni
kowé." Nalika krungu pangandika mau,
aku banjur ngadeg karo wèl-wèlan.
12 Malaékat mau ngandika karo aku,
"Dhanièl, aja wedi. Gusti Allah wis
miyarsakaké pandongamu wiwit dina
kapisan, nalika kowé duwé niyat

ngasoraké awakmu supaya diparingi
pangertèn. Tekaku iki merga arep awèh
wangsulan bab pandongamu mau.
13 Penggedhéné kraton Pèrsia nglawan
aku nganti selikur dina. Nanging Mikhaèl,
penggedhéné malaékat banjur teka
nulungi aku, merga ing Pèrsia aku
dhèwèkan.
14 Tekaku arep awèh pangertèn marang
kowé bab apa sing bakal kelakon
tumraping bangsamu ing dina mbésuk.
Wahyu kuwi magepokan karo apa sing
mbésuk bakal kelakon."
15 Nalika malaékat mau ngandika
mengkono, aku mandeng lemah,
blangkemen.
16 Malaékat sing rupané kaya wong
lanang mau, banjur ngathungaké astané
karo ndumuk lambéku. Aku banjur
matur, "Wahyu menika njalari kula
kécalan daya kekiyatan kula, ngantos
badan kula sekojur lemes lan gemeter.
17 Kula ibaratipun réncang-tumbasan
ingkang ngadeg ing ngajenging
bendaranipun. Kadospundi enggèn kula
saged wicanten? Menawi mboten gadhah
daya kekiyatan, malah mboten gadhah
daya kanggé ambekan."

18 Aku didemèk sepisan menèh, banjur
krasa kuwat.
19 Pangandikané, "Gusti Allah asih
marang kowé, mulané aja wedi utawa
nyumelangaké prekara apa waé." Bareng
krungu pangandika mau, rasané awakku
saya kuwat. Aku banjur matur, "Mugi
kersa ngandikakaken menapa ingkang
badhé kadhawuhaken, awit badan kula
sampun kraos sekéca."
20 Pangandikané malaékat mau, "Apa
kowé ngerti apa sebabé aku nemoni
kowé? Ora liya mung arep medharaké
apa sing katulis ana ing Kitabé Kayektèn.
Saiki aku arep bali dhisik, perang
nglawan pengawalé kraton Pèrsia.
Sawisé mengkono penggedhéné
kraton Yunani bakal teka. Ora ana
sing ngréwangi aku kejaba Mikhaèl,
pengawalé bangsa Israèl.
21 (10:20)

11 1 Mikhaèl kuwi sing tanggung
jawab ngréwangi lan mbélani aku.
2 (11-2a) Apa sing dakkandhakaké
saiki marang kowé kuwi nyata." (11-2b)
Pangandikané malaékat, "Isih ana raja
telu menèh sing bakal ngerèh Pèrsia,
kasusul déning sing nomer papat, sing

sugihé ngungkuli liya-liyané. Bareng
tekan pucaké kasugihan lan pangwasané
raja mau bakal nantang kraton Yunani.
3 Yèn wis mengkono bakal ana raja sing
gagah prakosa. Raja mau bakal mréntah
nganggo pangwasa gedhé lan tumindak
sekarepé dhéwé.
4 Bareng wis tekan pucaking
pangwasané, kratoné bakal pecah
dadi papat. Raja-raja sing dudu tedhaké
bakal ngganti dadi raja, nanging bakal
padha ora kadunungan pangwasa kaya
raja mau.
5 Raja ing Mesir bakal dadi kuwat.
Nanging salah sijining jéndralé
pangwasané bakal ngungkuli. Jéndral
kuwi bakal nyekel pepréntahan nganggo
pangwasa sing luwih gedhé.
6 Sawisé wetara taun raja Mesir bakal
gawé prejanjian karo raja Siria. Raja
Mesir mau maringaké putrané putri dadi
garwané raja Siria. Nanging prejanjian
mau ora langgeng. Putri mau, garwa lan
putrané, sarta para pendhèrèké enggoné
nggawa saka Mesir, padha dipatèni.
7 Sawisé mengkono ora let suwé
sedhèrèké dadi raja. Raja mau nglurugi

perang tentara Siria, mbedhah kratoné
lan nelukaké tentara Siria mau.
8 Raja kuwi bakal kondur menyang Mesir
karo ngasta reca-reca pepundhèné wong
Siria sarta barang-barang saka emas lan
slaka sing kanggo memuja reca-reca
mau. Sawisé ngalami katentreman
sawetara taun lawasé.
9 Raja Siria nyerbu tanah Mesir, nanging
kalah perangé lan dipeksa mundur.
10 Para putrané raja Siria banjur bakal
tata-tata nglurug perang menèh lan
nglumpukaké tentara sing luwih akèh
menèh. Ana putrané ngebyuki tanah
Mesir kaya banjir, banjur nyerbu bètèngé
mungsuh.
11 Raja Mesir saka nepsuné bakal
metoni perang nglawan raja Siria mau.
Tentarané Siria sing akèh mau bakal
kalah perangé.
12 Raja Mesir bakal dadi gemunggung
merga wis menang perangé, lan wis
matèni serdhadhu akèh. Nanging
kemenangané mau bakal ora langgeng.
13 Raja Siria saulihé saka peprangan
banjur bakal nglumpukaké tentarané
sing luwih akèh ketimbang karo sing
uwis-uwis. Samasa wis tekan titi-

mangsané raja Siria mau bakal nglurugi
perang Mesir menèh karo nggawa
tentara sing luwih akèh lan dipraboti
luwih pepak.
14 Ing Mesir bakal akèh wong sing
padha brontak marang Sang Prabu.
Panunggalané bangsamu sing ambek
siya iya bakal gemrégah mbangkang
merga nampa wahyu, nanging bakal
dikalahaké.
15 Raja Siria banjur bakal ngepung
kutha sing disentosani nganggo bètèng,
lan ngrebut kutha mau. Para prejurité
Mesir bakal ora nerusaké perangé.
Senajan sing rosa dhéwé bakal ora
keconggah perang.
16 Tentarané Siria sing nglurugi perang
mau bakal tumindak sewenang-wenang
tanpa ana sing bisa ngalang-alangi.
Bakal padha ngenggoni Tanah Prejanjian
lan ngwasani tanah mau kabèh.
17 Raja Siria bakal ngrancang nglurug
perang nggawa balané kabèh. Supaya
bisa nelukaké tentaraning mungsuhé,
mungsuh mau bakal diajak gawé
prejanjian nganggo diwènèhi anaké
wadon dikon ngepèk bojo. Nanging
rancanganè mau bakal ora olèh gawé.

18 Sawisé mengkono raja Siria mau
bakal nyerang bangsa-bangsa sing
padha manggon ing sapinggiring segara,
sarta akèh sing bakal ditelukaké.
Nanging raja mau bakal ditelukaké
déning raja saka manca negara, lan kuwi
sing bakal nglèrèni pretingkahé raja
Siria sing gemedhé, lan gentèn digawé
wirang.
19 Raja Siria bakal bali menyang
negarané dhéwé, menyang kutha-
kuthané sing disentosakaké nganggo
bètèng-bètèng nanging bakal terus kalah
perangé. Lan yakuwi wekasané riwayaté.
20 Raja mau bakal diganti déning raja
liyané. Raja mau bakal utusan pegawé
sing meres rakyat srana pajeg sing abot,
kanggo ngundhakaké kasugihané kraton
Siria. Nanging ora let suwé raja mau
bakal dipatèni sesidheman, ora ana ing
ngarepé wong akèh lan ora ana ing
peprangan."
21 Malaékat mau banjur nerusaké
ngandikané, "Raja Siria mau banjur
digentèni wong sing asor budiné, sing
ora pantes dadi raja. Ora kanyana-nyana
wong mau muncul, ngrebut pangwasa
nganggo cara licik.

22 Sapa waé sing ngalang-alangi,
senajan Imam Agungé Allah pisan, bakal
disirnakaké.
23 Srana gawé prejanjian karo liya-liya
bangsa, raja mau bakal saya mundhak
gedhé pangwasané, senajan bangsané
dhéwé mung cilik.
24 Raja mau bakal nyerang propinsi
sing subur tanpa kandha-kandha lan
nindakaké penggawé-penggawé sing ora
tau ditindakaké déning para leluhuré.
Olèh-olèhané enggoné njarah-rayah ing
peprangan bakal diedum ing antarané
para balané. Raja bakal ngrancang
nyerbu bètèng-bètèng, nanging wektu
sing dicawisaké wis entèk.
25 Kalawan kendel raja mau bakal
nglumpukaké tentara lan nyerang
Mesir, sing iya siap karo tentarané sing
akèh banget. Nanging raja Mesir bakal
dikalahaké nganti ora olèh gawé.
26 Para penaséhaté padha nyulayani,
nganti akèh prejurité sing mati ing
peprangan lan tentarané kasirnakaké
kabèh.
27 Raja loro mau banjur padha lungguh
mangan saméja, nanging padha-padha
sangu kekarepan ala, nganti sing siji

nggorohi sijiné. Karo-karoné bakal padha
ora olèh gawé, merga durung tekan
wektuné.
28 Raja Siria banjur bakal mulih
menyang negarané dhéwé karo nggawa
barang-barang rayahané. Atiné ngigit-
igit arep nyirnakaké wong sing padha
nggegegi Prejanjiané Allah. Kuwi iya
énggal katindakaké, banjur lagi mulih
menyang negarané.
29 Ora wetara suwé raja mau banjur
nyerang negara Mesir menèh, nanging
kelakoné ora kaya sing dhèk kapisan.
30 Sebab wong Rumawi bakal padha
teka nganggo prau lan nglawan, nganti
raja Siria mau bakal miris atiné. Mulané
mulihé bakal karo nepsu banget lan
sajroning gregeten nedya numpes
piyandelé para umaté Allah, bakal
nggatèkaké naséhaté wong-wong sing
padha nyingkur saka piyandelé.
31 Tentarané bakal dikon najisaké
Pedalemané Allah. Kurban pedinan bakal
disuwak, banjur diedegaké mesbèh
kanggo déwané.
32 Nganggo cara rupa-rupa raja mau
bakal olèh bantuané wong-wong sing
padha murtad saka piyandelé marang

Allah, nanging wong-wong sing ngabekti
marang Allah bakal padha nglawan.
33 Para wicaksana sing dadi pemimpiné
umat mau bakal padha rembugan karo
wong akèh supaya padha tumindaka
kanthi wicaksana. Nanging ing sawetara
mangsa akèh panunggalané umaté Allah
sing dipatèni ing sajroning peprangan
utawa diobong nganti mati, ana menèh
sing dirampog lan dilebokaké ing
pakunjaran.
34 Sajroné disiya-siya umaté Allah bakal
olèh pitulungan sawetara, senajan akèh
wong sing olèhé padha nggabung karo
umat mau mung merga mburu kepénak
kanggo awaké dhéwé.
35 Para pemimpin sing wicaksana
mau bakal ana sawetara sing dipatèni,
nanging kuwi njalari kaprecayané wong
akèh padha disentosakaké. Lelakon kuwi
bakal lestari nganti wekasané jaman,
sing wis katetepaké déning Allah.
36 Raja Siria bakal tumindak sewenang-
wenang. Bakal ngaku yèn luwih luhur lan
luwih ampuh ketimbang karo para déwa,
malah ngungkuli Gusti Allah. Enggoné
bisa tumindak mengkono mau nganti
tekan titi-mangsané Allah nibakaké

paukuman. Gusti Allah bakal nindakaké
cocog karo apa sing wis karancang.
37 Raja mau bakal ngabekti marang
allahé para leluhuré, uga déwa-déwa
sing disembah déning para wong wadon.
Satemené ora ngrèwès déwa ngendi
waé, merga rumangsané awaké dhéwé
kuwi ngungkuli sakèhé para déwa.
38 Kosokbaliné iya éring karo déwa
sing mbaureksa bètèng-bètèng. Raja
mau bakal nyaosaké kurban rupa emas,
slaka, permata adi lan pisungsung
sing larang-larang regané marang para
déwané sing durung tau diweruhi déning
para leluhuré.
39 Bètèng-bètèngé bakal dikon njaga
wong-wong sing nyembah déwa liya
menèh. Raja mau bakal awèh ganjaran
gedhé marang wong sing gelem ngakoni
olèhé dadi raja. Bakal padha diganjar
pangkat dhuwur, lan palemahan.
40 Bareng wis mèh tekan titi-mangsané
wekasané sugengé raja Siria, raja Mesir
bakal teka nyerang. Raja Siria siaga
nglawan serangan mau kalawan ngetog
karosané, rupa kréta perang, jaran lan
kapal pirang-pirang. Raja Siria mau

ngrancang bakal nyerang negara akèh,
kaya banjir sing ngeleb samubarang.
41 Malah iya arep nyerang Tanah
Prejanjian lan matèni wong nganti
pirang-pirang leksa, nanging tanah
Édom, Moab lan sisané tanah Amon
bakal oncat.
42 Samasa nyerang negara-negara mau
kabèh, tanah Mesir uga bakal diserang.
43 Raja-branané tanah Mesir sing
kapendhem kayata emas, slaka lan
barang-barang pengaji liyané bakal
digawa lunga kabèh. Raja Siria mau
iya ngrancang arep nelukaké Libia lan
Sudan.
44 Dumadakan bakal ana kabar teka
saka Wétan lan Kulon sing gawé girisé
raja mau. Éwasemono ora bakal nglawan
perang karo ngiwut, matèni wong waton
akèh.
45 Raja Siria bakal masang kémahé
keprabon ing antarané segara lan
gunung sing dienggoni Pedalemané
Allah. Nanging raja mau bakal tiwas,
tanpa ana sing bisa awèh pitulungan."
12 1 Malaékat sing ngagem ageman
léna mau nuli ngandika, "Ing
wektu kuwi Mikhaèl, malaékat agung

sing ngamping-ampingi bangsamu,
bakal rawuh. Ing kono bakal ana
kasangsaran akèh, sing durung tau
kelakon wiwit anané bangsa-bangsa
nganti tekan ing wektu kuwi. Ing wektu
kuwi wong kabèh sing klebu umat Israèl,
sing jenengé katulis ana ing kitabé Allah
bakal kapitulungan rahayu.
2 Sarta akèh wong sing wis mati, bakal
urip menèh, ana sing banjur kaparingan
urip langgeng, lan ana sing nandhang
sangsara lan kanisthan langgeng.
3 Para wong wicaksana bakal padha
mencorong kaya padhanging langit. Lan
sing wis padha nuntun wong akèh ing
dalan sing becik, bakal padha mengkilat
kaya lintang-lintang ing selawasé."
4 Pangandikané marang aku, "Saikiné,
Dhanièl, kitab kuwi tutupen lan sègelen
nganti tekan wekasané jaman. Akèh
wong sing bakal ngetog kabisané merga
kepéngin ngerti apa sing satemené lagi
kelakon."
5 Sawisé mengkono aku weruh ana
wong lanang loro lagi ngadeg ana ing
sapinggiré kali, sing siji ing sisih kéné,
sijiné ing sisih kana.

6 Sing siji banjur nyuwun pirsa karo malaékat sing jumeneng ing sapinggiré kali rada munggah, "Mbénjing menapa prekawis-prekawis ingkang ngéram-éramaken menika badhé kelampahan sedaya?"
7 Malaékat mau supaos ing asmané Allah kang asipat langgeng karo ngangkat astané kiwa lan tengen, "Kuwi lawasé telu setengah taun, yakuwi samasa panguya-uya marang umaté Allah wis rampung. Yèn wis rampung, samubarang kabèh mau bakal kelakon."
8 Apa sing dingandikakaké mau aku krungu kabèh, nanging aku ora ngerti tegesé. Aku banjur matur, "Kadospundi sagedipun prekawis menika kelampahan?"
9 Wangsulané, "Wis mangkata Dhanièl, merga pangandika mau wewadi sing ora kena kawiyak nganti tekan wekasané jaman."
10 Akèh wong bakal disucèkaké. Wong ala bakal ora ngerti lan nerusaké enggoné nindakaké piala. Mung wong sing wicaksana bakal padha ngerti.
11 "Wiwit ora anané kurban pedinan, yakuwi wiwit madegé déwa-déwané

kanisthan sing gawé rusak kuwi 1.290
dina.
12 Rahayu wong sing tetep setya nganti
tekan 1.335 dina!
13 Lan kowé, Dhanièl, lestaria nganti
tekan wekasan. Kowé bakal mati,
nanging bakal tangi lan nampani
ganjaran ing wekasané jaman."

Hosea

1 [1] Iki pangandikané Pangéran sing
didhawuhaké marang Hoséa bin
Beèri nalika jamané Uzia, Yotam, Ahas
lan Hizkia padha jumeneng ratu ing
Yéhuda lan Yérobéam bin Yoas jumeneng
ratu ing Israèl.
[2] Nalika Pangéran ing wiwitan ngandika
marang bangsa Israèl lantaran Nabi
Hoséa, dhawuhé mengkéné, "Kowé
rabia; lan bojomu bakal ora setya,
anak-anakmu bakal plek kaya ibuné.
Kaya mengkono uga enggoné umat-Ku
wis ninggal Aku lan ora setya marang
Aku."
[3] Nabi Hoséa banjur kawin karo wong
wadon jenengé Gomèr, anaké Diblaim.
Sawisé anak sing kawitan lair, lanang.
[4] Pangéran ngandika marang Nabi
Hoséa, "Bayi kuwi jenengna 'Yésreèl',
sebab ora suwé menèh Aku bakal
ndhawahaké paukuman marang raja
Israèl, merga Yéhu, leluhuré wis matèni
wong akèh ing Yésreèl. Turuné Yéhu
bakal Daksirnakaké.

5 Lan ing wektu kuwi iya bakal numpes
tentarané Israèl ana ing Lembah
Yésreèl."
6 Gomèr banjur duwé anak sing
kapindho, wadon. Pangéran ngandika
marang Nabi Hoséa, "Bocah wadon kuwi
jenengna ‘Lo Ruhama’, merga turuné
Israèl bakal ora Dakwelasi, babar-pisan
ora bakal Dakwelasi menèh.
7 Nanging wong-wong Yéhuda
bakal Dakwelasi, malah bakal padha
Daktulungi, merga Aku iki Pangéran
Allahé. Enggon-Ku nulungi ora srana
perang, nganggo pedhang, panah utawa
srana jaran lan prejurit jaranan."
8 Sawisé Gomèr nyapih bayiné wadon
banjur meteng menèh lan mbabar anak
lanang.
9 Pangéran ngandika marang Hoséa,
"Bocah kuwi jenengna ‘Dudu umat-Ku’,
merga umat Israèl kuwi dudu umat-Ku,
lan Aku dudu Allahé."
10 "Bangsa Israèl cacahé bakal kaya
wedhi ing segara, nganti ora kena
diétung utawa ditaker." Pangandikané
Pangéran marang bangsa mau, "Kowé
kuwi dudu umat-Ku," nanging bakal

tekan mangsané kowé disebut:
"Putraning Allah kang gesang."
11 Wong Yéhuda lan wong Israèl
bakal padha didadèkaké siji menèh.
Wong-wong mau bakal padha milih
panutan siji, lan bakal padha ngalami
kemakmuran lan katentreman ana ing
tanahé. Kaya mengkono dinané Yésreèl
kuwi bakal dadi dina kabungahan!
2 1 Para sedulurmu Israèl undangen:
"Ami" (umat-Ku), lan "Rokhama"
(sing ditresnani).
2 "Hé anak-anakku, biyungmu suwunna
pangapura, senajan wis dudu sisihan-Ku
menèh, lan Aku dudu bojoné. Konen
marèni enggoné laku jina lan nyundel.
3 Yèn ora, mesthi bakal Dakdhèdhèli
sandhanganė nganti wuda kaya dhèk
nalika lairé. Sarta Dakdadèkaké kaya
ara-ara samun sing garing lan cengkar,
wekasané bakal mati kasatan.
4 Anak-anaké bakal ora Dakwelasi,
merga kuwi anak-anaké sundel sing ora
duwé isin.
5 Biyungé dhéwé mau kandha, ‘Aku
dakmarani para dhemenanku, sebab
wong-wong kuwi sing mènèhi pangan

lan ombèn-ombèn marang aku, wulu
wedhus, léna, lenga zaitun lan anggur.’
6 Mulané wong mau bakal Dakpasangi
sangkrah eri lan Dakpageri témbok
mubeng, supaya aja bisa nuruti
kekarepané.
7 Biyungmu bakal ngoyak-oyak para
dhemenané, nanging ora kecandhak.
Bakal nggolèki, nanging ora ketemu.
Wong mau banjur bakal muni, ‘Aku
dakmbalèni bojoku jaka-lara, merga
kaananku nalika semana luwih kepénak
ketimbang karo saiki.’
8 Wong kuwi ora ngrumangsani yèn
Aku sing maringi gandum, anggur, lan
lenga, sarta sakèhé slaka lan emas, sing
dienggo gawé recané Baal.
9 Mulané mbésuk ing mangsa panèn
Aku bakal mundhut bali gandum, anggur,
wuluning wedhus lan kain léna-Ku sing
dienggo sandhangan.
10 Sandhangané bakal Dakdhèdhèli ana
ing ngarepé para bédhangané, lan bakal
ora ana wong siji-sijia sing bisa ngluwari
wong mau saka tangan-Ku.
11 Dina-dina riayané pendhak taun
lan pendhak sasi bakal Dakbatalaké,

mengkono uga riayané dina Sabbat,
sarta dina-dina riaya agama liya-liyané.
12 Wité anggur lan wité anjir bakal
Daksirnakaké, merga wong mau kandha-
kandha yèn kuwi kabèh pawèwèhé
para dhemenané. Keboné anggur lan
keboné woh-wohan bakal Dakdadèkaké
ara-ara samun, merga dirusak déning
kéwan-kéwan galak.
13 Wong mau bakal Dakukum miturut
dina-dina enggoné nglalèkaké Aku,
samasa ngobong menyan kanggo Baal,
sarta samasa nganggo hiasan adi, banjur
ngetutaké para dhemenané. Mengkono
pangandikané Pangéran."
14 Mulané wong mau bakal Dakgawa
bali menyang ara-ara samun menèh. Ing
kana bakal Dakarih-arih supaya mbalèni
Aku menèh.
15 Kebon anggurè bakal Dakbalèkaké
menèh lan Akhor (Lembah Kasusahan)
bakal Dakdadèkaké gapuraning
pengarep-arep. Ana ing kono wong mau
bakal nggatèkaké menèh marang Aku,
kaya dhèk isih enomé, nalika metu saka
tanah Mesir.
16 Ing dina kuwi Aku bakal disebut
‘Sisihanku’, lan ora ‘Baalku’,

17 Aku bakal ora marengaké nyebut
jenengé Baal menèh.
18 Aku bakal gawé prejanjian karo
sakèhé kéwan alasan lan manuk-manuk,
supaya aja padha gawé cilakané umat-Ku
menèh. Sakèhé gegamaning perang
bakal Daksingkiraké saka tanah kéné,
sakèhé pedhang lan panah, supaya
umat-Ku bisa urip kanthi ayem tentrem.
19 "Hé Israèl, kowé arep Dakpundhut
garwa; Aku bakal jujur lan setya; Aku
bakal ngetingalaké sih-katresnan-Ku lan
piwelas-Ku, sarta kowé Dakrengkuh dadi
kagungan-Ku dhéwé selawas-lawasé.
20 Janji-Ku bakal Daktetepi lan kowé
Dakdadèkaké kagungan-Ku, sarta kowé
bakal nganggep Aku Allahmu.
21 Ing dina kuwi Aku bakal miyarsakaké
pandongané umat-Ku Israèl. Aku bakal
nekakaké udan ing bumi lan bumi bakal
metokaké gandum, anggur lan lenga
zaitun.
22 (2:21)
23 Umat-Ku bakal Daksentosakaké ana
ing bumi, sarta Dakparingi kemakmuran
sing lubèr. Aku bakal ngetingalaké
katresnan-Ku marang wong-wong sing
disebut: ‘Lo-Ami’ (dudu umat-Ku). Aku

bakal ngandika, ‘Kowé kuwi umat-Ku!’
Lan kowé bakal munjuk, ‘Paduka menika
Allah kawula.’"
3 [1] Pangandikané Pangéran marang
aku mengkéné, "Golèka wong
wadon menèh sing lagi nylèwèng karo
dhemenané. Ngétokna kepéncutmu
karo wong mau. Wong kuwi tresnanana
kaya enggon-Ku nresnani wong Israèl,
senajan padha nyingkur marang Aku lan
ngetut allah-allah liyané karo nggawa
sesajèn kismis marang reca-reca mau."
[2] Wong wadon mau banjur dakbayar
limalas sèkel slaka lan sair 150 kilogram.
[3] Banjur dakkandhani yèn dhèwèké
kudu urip bebarengan karo aku nganti
suwé lan ora kena nyambi nyundel
utawa nylèwèng, lan selawasé ora bakal
dakwori turu.
[4] Kaya mengkono carané wong Israèl
kudu padha urip nganti suwé, tanpa raja,
tanpa penuntun lan tanpa saos kurban
marang tugu-tugu brahala, tanpa éfod
lan tanpa térafim kanggo ngramal.
[5] Sawisé mengkono wong Israèl bakal
padha mratobat lan nggolèki Pangéran
Allahé, lan marang turuné Dawud,
ratuné. Yèn wis mengkono, umat Israèl

bakal padha ngabekti marang Allah lan
nampa peparing-peparing sing becik.
4 1 Pangéran ndakwa marang Israèl.
Rungokna hé Israèl pangandikané,
"Ing tanah kéné ora ana kasetyan lan
katresnan, lan wong-wong ing kéné
padha ora ngakoni yèn Aku iki Allahé.
2 Padha gawé prejanjian, nanging
padha diterak. Padha goroh, mematèni,
nyolong lan nylèwèng. Padha nindhes
lan nganiaya, lan ora kendhat-kendhat
gawé pepati.
3 Mulané tanah kéné bakal dadi garing,
lan apa sing urip ing kéné bakal mati.
Sakèhing kéwan lan manuk, apa déné
iwak bakal padha mati."
4 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Aja ana wong sing nggugat utawa
nyalahaké rakyat, sebab sing Dakgugat
kuwi para imam.
5 Rina wengi kowé padha gawé
kaluputan merga saka bodhomu,
semono uga para nabi ora béda
karo kowé, Israèl, biyungmu bakal
Daksirnakaké.
6 Umat-Ku bakal sirna merga ora tepung
karo Aku. Para imamé padha emoh
wanuh karo Aku, semono uga piwulang-

Ku padha ditampik. Mulané kowé
padha Daktampik lan Aku ora ngakoni
anak-anakmu dadi imam-imam-Ku.
7 Saya akèh cacahé imam, saya
tambah dosané marang Aku. Mulané
kaluhuranmu bakal Dakwalik dadi
kanisthan.
8 Kowé padha dadi sugih merga saka
dosané umat-Ku, mulané kowé padha
kepéngin supaya umat-Ku padha
nindakaké kaluputan.
9 Kowé bakal nampa paukuman kaya
sing disangga déning Umat-Ku. Kowé
bakal Dakukum kanggo males dosa-dosa
sing koklakoni.
10 Kowé bakal mangan bagéanmu saka
kurban-kurban, nanging bakal tetep
ngelih. Kowé bakal padha nyembah
brahalané kesuburan, éwasemono bakal
padha ora duwé anak, merga kowé
padha nyingkur Aku lan ngetutaké
allah-allah liyané."
11 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Anggur sing lawas lan sing anyar
karo-karoné njalari umat-Ku mendem!
12 Padha ngarep-arep wahyu saka
kayu setengkel! Padha njagakaké olèh
wangsulan saka teken! Wis padha

nyingkur Aku, kaya wong wadon sing
dadi sundel, mengkono wong-wong
mau enggoné padha ngandel marang
allah-allah liyané.
13 Padha gawé kurban ana ing pucaké
gunung-gunung. Ana ing punthuk-
punthuk padha ngobong menyan, ing
sangisoring wit-wit sing éyub, merga
ana ing panggonan sing édhum kuwi
kepénak! Wekasané anak-anakmu
wadon bakal padha dadi sundel, lan para
mantumu wadon bakal padha laku jina.
14 Éwasemono ora bakal padha
Dakukum merga saka penggawéné mau,
jalaran kowé dhéwé iya padha laku jina
karo para sundel-sundel candhi, lan
bebarengan karo wong-wong mau kowé
padha gawé kurban kaya carané wong
kapir. Kaya uniné unèn-unèn: ‘Wong
sing ora duwé pangertèn bakal ngalami
karusakan.’
15 Senajan kowé, hé umat Israèl,
ora setya marang Aku, muga-muga
umat Yéhuda ora padha karo kowé.
Muga-muga aja padha nyembah brahala
ana ing Gilgal utawa ana ing Bètèl, lan
muga-muga aja padha ngucapaké kaul
nganggo asmané Allah kang gesang.

16 Umat Israèl kuwi atiné wangkal kaya
bihal. Kepriyé bisa-Ku ngengon kaya
wedhus gèmbèl?"
17 Umat Israèl wis kepéncut karo
brahala-brahala. Mulané karebèn padha
nggugu karepé dhéwé.
18 Yèn wis padha mendem anggur
banjur padha laku jina, sarta milih
kanisthan ketimbang karo kaurmatan.
19 Wong-wong mau bakal padha kabur
sirna kagawa ing angin, bakal padha
nandhang kawirangan merga saka
enggoné gawé kurban kaya carané wong
kapir.

5 1 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Hé para imam, padha ngrungokna!
Hé wong Israèl, padha nggatèkna! Hé
para krabaté ratu! Mesthiné kowé padha
ngadili kanthi adil, supaya kowé dhéwé
olèh keadilan. Kowé wis dadi kala-jiret
ana ing Mizpa, lan dadi jaring sing
kapasang ana ing Gunung Tabor.
2 Kaya luwangan sing kadhudhuk ana
ing Lebak Sitim. Kowé bakal Dakukum
kabèh.
3 Aku pirsa Israèl kuwi sapa. Israèl ora
bisa ndhelik saka ngarsa-Ku. Israèl wis

nylèwèng, lan wong-wongé wis ora bisa
ngabekti marang Aku."
4 Piala sing dilakoni wong Israèl yakuwi
nyegah wong-wong nganti padha ora
bisa mratobat marang Pangéran Allahé.
Sebab wong-wong mau wis padha
dikwasani déning rohing penylèwèng,
nganti padha ora ngakoni yèn Pangéran
kuwi Allahé.
5 Gemunggungé wong Israèl kuwi
dadi seksi sing nglawan marang awaké
dhéwé. Dosa-dosané kuwi sing marakaké
padha kesandhung lan tiba, sarta wong
Yéhuda padha katut tiba.
6 Wong-wong mau padha saos kurban
rupa wedhus gèmbèl lan sapi marang
Pangéran, nanging ora ketemu karo
Panjenengané, merga wis ditilar.
7 Wong-wong mau padha ora setya
marang Pangéran, lan anak-anaké
kuwi dudu anak absah. Mulané saiki
wong-wong mau lan palemahané bakal
karusak.
8 Ngunèkna slomprèt ana ing Gibéa!
Ngunèkna slomprèt ing Rama!
Kumandhangna aba-abané perang ing
Bètèl. Mèlua mlebu ing peprangan, hé
wong Bènyamin.

9 Dinaning paukuman wis teka. Israèl
bakal katumpes. Hé wong Israèl,
ngandela yèn kuwi kabèh bakal kelakon!
10 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Aku duka merga para penuntuné
Yéhuda padha nlusup mlebu ing Israèl
lan padha nyolongi pametuné lemahé.
Mulané Aku bakal ngesokaké paukuman-
Ku marang wong-wong mau nganti
lubèr.
11 Israèl katindhes, nganti padha
kélangan palemahan sing dadi duwèké
kanthi sah, merga padha golèk
pitulungan karo pihak sing ora bisa awèh
pitulungan.
12 Aku bakal gawé rusaké Israèl lan
Yéhuda bakal Dakdadèkaké jugrugan.
13 Yèn Israèl wis ngrumangsani bangeté
larané lan Yéhuda weruh tatu-tatuning
awaké dhéwé, Israèl banjur bakal lunga
menyang Asyur njaluk tulung raja Asyur,
nanging kuwi ora bisa nambani utawa
marasaké tatu-tatuné.
14 Wong Israèl lan wong Yéhuda
bakal Daktubruk kaya singa nubruk
mangsané. Bakal Daksempal-sempal,
nuli Daktinggal lunga. Yèn Daksèrèd-
sèrèd ora ana wong sing bisa ngluwari.

15 Umat-Ku bakal Daktégakaké nganti
cukup enggoné nandhang sangsara
merga saka dosané, sarta nggolèki
Aku menèh. Muga-muga sajroning
sangsarané padha kangen marang Aku."

6 1 Ana wong sing padha kandha,
"Ayo padha bali mratobat marang
Pangéran! Panjenengané wis natoni
kita, nanging mesthi bakal marasaké
kita. Panjenengané wis nggebagi kita,
nanging apa iya ora bakal nambani kita?
2 Sajroning loro utawa telung dina
Panjenengané bakal nangèkaké kita
menèh, lan kita bakal padha urip ana ing
ngarsané.
3 Ayo padha nggolèki Panjenengané.
Panjenengané mesthi bakal miyos
methukaké kaya tekané byar raina, kaya
tekané udan ing mangsa semi sing nelesi
bumi."
4 Nanging Pangéran bakal ngandika, "Hé
Israèl lan Yéhuda, kowé kuwi apa gunané
kanggoné Aku? Katresnanmu marang
Aku mung kaya pedhut ing wayah ésuk
sing bakal ilang; kaya ebun sing nguwap
ing wayah ésuk umun-umun.
5 Iya merga kaya ngono mau
Aku ngutus para nabi-Ku marang

kowé ngundhangaké paukuman lan
karusakan. Pamundhut-Ku tumraping
kowé wis cetha:
6 Aku mundhut katresnanmu sing
tetep, dudu kurban kéwan. Aku luwih
seneng yèn umat-Ku wanuh karo
Aku, ketimbang karo kasaosan kurban
obongan.
7 Nanging wong-wong mau wis padha
kaya Adam, sing nerak prejanjiané karo
Aku.
8 Giléad kuwi kutha kebak wong sing
nindakaké piala lan dhemen matèni.
9 Imam-imamé kaya grombolan bégal
sing ngadhang mangsané. Malah ana
ing dalan sing anjog marang Sikèm
panggonan sing suci, padha tegel
matèni wong. Mangka penggawéné sing
mengkono kuwi dijarag!
10 Aku pirsa yèn Israèl ana lelakon-
lelakon sing nggegirisi; umat-Ku wis
najisaké awaké dhéwé srana enggoné
padha nyembah brahala.
11 Kanggoné kowé, wong Yéhuda, Aku
wis netepaké wektu enggon-Ku arep
nekakaké paukuman marang kowé.
Kowé bakal Dakwales timbang karo
penggawému."

7

1 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Saben-saben Aku arep marasaké
umat-Ku Israèl lan gawé makmuré, Aku
mung pirsa penggawé nistha lan piala
sing dilakoni. Wong padha apus-apusan;
padha mbabah omah lan nyolong; padha
mbégal ana ing dalan-dalan.
2 Ora padha mikir yèn piala-pialané
kuwi bakal tansah Dakèngeti. Nanging
wong-wong mau bakal dikepung déning
pratingkahé sing ala, mangka kabèh
kuwi ora luput saka pamirsa-Ku."
3 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wong padha ngapusi ratuné lan
para penggedhé srana nganakaké
sekongkelan.
4 Wong kabèh padha licik lan ora
temen. Padha ngendhem sengit, sing
mengangah kaya geni ing pawon, sing
ora disugokaké ngentèni tukangé roti
rampung enggoné ngadoni jladrèné.
5 Ing dina wisudhané Sang Prabu,
panjenengané lan para penggedhé
digawé supaya mendem anggur.
6 Wong-wong wis padha saiyeg merga
ing batiné ngendhem sengit sing
mengangah kaya geni ing pawon

sewengi muput, banjur ésuké murub
mulad-mulad.
7 Merga saka panasing atiné wong-wong
mau banjur padha matèni ratu lan para
penggedhéné. Para ratuné siji-siji
dipatèni, lan ora ana siji-sijia sing
ndedonga nyuwun pitulungan marang
Aku."
8 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wong Israèl kuwi kaya roti sing
setengah mateng.
9 Padha suméndhé marang bangsa-
bangsa ing sakiwa-tengené lan ora ngerti
yèn suméndhé marang bangsa manca
mau njalari ilangé kekuwatané dhéwé.
Wis kari ngentèni ambruké, éwasemono
padha ora rumangsa.
10 Gemunggungé wong kuwi wis cetha,
sebab senajan wis akèh lelakon sing
dialami, éwasemono padha ora mratobat
marang Aku, Pangéran Allahé.
11 Israèl mabur rana-réné kaya manuk
dara sing bodho; biyèn njaluk tulung
karo wong Mesir, sawisé mengkono
banjur mlayu menyang Asyur!
12 Nanging Aku bakal masang jaring
kanggo nyekel wong-wong mau samasa

lagi mabur, lan Israèl bakal Dakukum
merga saka piala-pialané.
13 Cilaka wong-wong kuwi! Sarèhné
wis padha ninggal Aku lan nglawan
marang Aku, mulané bakal Daktumpes.
Aku kepéngin nylametaké, nanging
enggoné ngabekti marang Aku kuwi
mung éthok-éthok.
14 Enggoné ndedonga marang Aku ora
kanthi éklasing atiné. Padha sumungkem
ing lemah lan padha nangis gero-gero
kaya carané wong kapir. Yèn ndedonga
nyuwun gandum lan anggur padha
natoni awaké dhéwé kaya wong kapir.
Semono enggoné nglawan marang Aku!
15 Senajan wis Dakrumati lan
Dakdadèkaké rosa, éwasemono padha
ngrancang nindakaké piala marang Aku.
16 Saya suwé saya adoh enggoné
ninggal Aku lan ngetut marang brahala
sing ora duwé kekuwatan apa-apa.
Wong-wong mau ora kena diendelaké
kaya gendhéwa sing ala. Sarèhné para
pemimpiné padha gemunggung, mulané
bakal padha tiwas déning pedhang,
mula bakal padha dipoyoki déning wong
Mesir."

8 1 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Ngunèkna tandha bebaya!
Mungsuh-mungsuh padha ngebyuk
ing tanah-Ku kaya manuk garudha!
Umat-Ku wis padha nerak prejanjiané
karo Aku, sarta padha mbangkang karo
piwulang-Ku.
2 Éwasemono isih nyebut Aku Allahé lan
ngarani yèn wong-wong kuwi umat-Ku
lan ngaku yèn tepung karo Aku,
3 senajan wis padha nampik barang
sing becik. Iya merga saka dosané
kuwi umat-Ku bakal dikuya-kuya déning
mungsuh-mungsuhé.
4 Umat-Ku padha ngedegaké raja,
nanging metu saka karepé dhéwé.
Padha ngangkat penggedhé-penggedhé,
nanging Aku ora rujuk. Padha njupuk
slaka lan emas, padha digawé brahala
sing nekakaké karusakan kanggoné
umat-Ku.
5 Aku sengit karo wong sing padha
nyembah sapi emas ing kutha Samaria.
Paukuman-Ku mulad-mulad marang
wong-wong kuwi. Nganti pira lawasé
enggoné mari nyembah brahala?
6 Sing gawé reca ukir-ukiran kuwi
tukang emas, mangka kuwi wong Israèl.

Reca kuwi rak babar-pisan dudu allah!
Sapi emas sing padha disembah-sembah
ing kutha Samaria kuwi bakal dibanting
nganti ajur-mumur!
7 Sapa sing nyebar angin, bakal
ngundhuh prahara! Gandum sategal yèn
ora tuwa, ora metokaké glepung sing
kena kanggo gawé roti. Nanging yèn
tuwa, bakal dipangan déning bangsa
liya.
8 Israèl wis padha waé karo bangsa
liya-liyané, mula wis ora ana gunané,
kaya kwali sing pecah.
9 Wangkoté atiné wong Israèl kuwi kaya
kuldi alasan; wong-wong mau padha
nggugu karepé dhéwé. Padha lunga
golèk pitulungan marang Asyur, sarta
padha mbayar bangsa liya kanggo njaga
keslametané.
10 Nanging saiki wong-wong mau
bakal Dakklumpukaké lan Dakukum.
Sedhéla menèh bakal padha glimpangan
ngrasakaké panindhesé raja Asyur.
11 Saya akèh mesbèh sing dibangun
wong Israèl kanggo nyingkiri dosa, saya
akèh panggonan sing kena dienggo gawé
dosa!

12 Tanpa wilangan cacahé piwulang sing
Daktulis kanggo wong Israèl, nanging
ditampik merga dianggep ora kanggo.
13 Wong-wong mau padha saos kurban
marang Aku, lan padha mangan dagingé
kurban, nanging Aku, Pangéran ora rena.
Lan saiki Aku bakal ngèngeti sakèhé
dosané lan bakal Dakukum timbang karo
paneraké, sarta Dakbalèkaké menyang
Mesir menèh!
14 Wong Israèl wis padha mbangun
kedhaton-kedhaton, nanging padha
nglalèkaké marang Allah sing nitahaké
wong-wong mau. Wong Yéhuda padha
mbangun kutha-kutha sing dibètèngi,
nanging Aku bakal nekakaké geni
sing ngobong kedhaton-kedhaton lan
kutha-kuthané mau."
9 1 Hé Israèl, padha lèrèna enggonmu
mahargya dina-dina riaya kaya
caranÉ wong Mesir. Kowé wis nyingkur
Allahmu lan wis kokkianati. Ana ing
ngendi-endi kowé wis ngedol awakmu
dhéwé dadi sundel marang Baal, lan
kowé seneng olèh gandum sing kokkira
opahé enggonmu nyembah marang Baal!

2 Nanging sedhéla menèh gandummu
bakal entèk, semono uga lengamu zaitun
lan anggurmu.
3 Wong Israèl bakal ora lestari manggon
ing tanahé Pangéran, merga kowé kudu
bali menyang tanah Mesir. Ing Asyur
kowé bakal mangan pangan sing karam.
4 Ing tanah-tanah manca kowé bakal
ora bisa saos kurban dhaharan konjuk
marang Allah, utawa saos kurban
obongan marang Panjenengané.
Panganan sing dipangan bakal gawé
najisé saben wong sing mangan, kaya
ana ing pelayatan, mung kanggo
ngisi weteng luwé. Ora ana sing
bakal kacaosaké dadi kurban marang
Pedalemané Allah.
5 Yèn wis tekan dina riaya, apa sing arep
padha ditindakaké kanggo ngluhuraké
Pangéran?
6 Samasa ana kasangsaran, mangka
wong Israèl padha sumebar, wong-wong
mau bakal diklumpukaké déning wong
Mesir, banjur dikubur ana ing Mèmfis.
Bandhané rupa emas lan slaka sarta
panggonan tilas omahé bakal padha
kethukulan eri lan rerungkudan.

7 Paukumané wis tekan wektuné, saben wong nampa sing dadi bagéané. Yèn wis kelakon, Israèl bakal ngerti! Kowé bakal muni, "Nabi kuwi gemblung. Wong sing kerasukan roh kuwi owah!" Kowé padha sengit banget karo aku, merga dosamu gedhé banget.
8 Enggonku diutus dadi nabi iki supaya ngélingaké Israèl, umaté. Nanging menyanga ngendi waé paranku, aku arep kokjiret kaya manuk. Ana ing tanahé Allah piyambak wong-wongé padha mungsuhi para nabi.
9 Penggawéné mung ala thok, padha kaya nalika ana ing Gibéa, Gusti Allah bakal ngèngeti lan ngukum dosa-dosané.
10 Pangandikané Pangéran mengkéné, "Nalika Aku ketemu karo Israèl sing wiwitan, rasané kaya nemu wit anggur sing thukul ing ara-ara samun. Nalika Aku pirsa para leluhurmu sing kawitan, kaya pirsa woh anjir sing mateng gasik dhéwé ing mangsa wowohan. Nanging bareng padha tekan Gunung Péor wong-wong padha miwiti nyembah marang Baal, nganti padha dadi nistha lan njijiki, padha karo brahala sing padha diraketi.

11 Kaluhurané Israèl mabur kaya
manuk, lan bakal ora duwé anak menèh,
wong wadon ing kono bakal padha ora
meteng lan nglairaké.
12 Senajan duwé anak, anaké bakal
Dakpundhut, nganti ora ana sing
kari urip. Samasa wong-wong mau
Daktégakaké, bakal padha ngalami
prekara-prekara sing nggegirisi."
13 Dhuh Allah, kawula sumerep anak-
anakipun sami dipun oyak-oyak lan
dipun pejahi.
14 Menapa ingkang badhé kawula
suwun kanggé tiyang-tiyang menika?
Para tiyangipun èstri kadamela gabug!
Kadamela supados mboten sami saged
ngrimati bayi-bayinipun.
15 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Pratingkahé Israèl sing ala mau
kawiwitan ing Gilgal. Wiwit dhèk semana
Aku sengit karo wong-wong mau. Merga
saka penggawéné sing ala, wong-wong
bakal Daktundhung saka tanah-Ku, sarta
wis ora bakal Dakraketi menèh. Para
pemimpiné wis padha mbrontak marang
Aku.
16 Israèl kuwi presasat wit sing oyodé
padha garing, sarta ora metokaké woh.

Bakal padha ora duwé anak, lan senajan
padha duwé anak, bocah-bocah sing
ditresnani mau bakal Dakpatèni."
17 Allah sing dakbektèni kuwi bakal
nampik umat kagungané, merga
padha ora ngrungokaké marang
Panjenengané. Wong-wong mau
bakal padha nglambrang ing antarané
bangsa-bangsa.

10 1 Umat Israèl kuwi kaya wit
anggur sing metokaké woh akèh;
saya akèh pametuné, saya akèh enggoné
gawé mesbèh. Saya subur lemahé, saya
éndah enggoné gawé tugu-tugu watu
kanggo brahala sing disembah.
2 Umat sing atiné lamis kuwi saiki kudu
padha nanggung dosa-dosané. Gusti
Allah bakal nggempur mesbèh-mesbèhé
lan ngebrukaké tugu-tuguné brahala.
3 Wong-wong mau bakal padha kandha,
"Kita padha ora duwé ratu, merga
kita padha ora ngabekti marang Allah.
Nanging ratu mono apa gunané kanggo
awaké dhéwé?"
4 Wong-wong mau padha umuk,
padha ngucapaké sumpah palsu lan
gawé prejanjian sing tanpa guna.
Keadilan dislèwèngaké dadi penggawé

sewenang-wenang, sing ngrembuyung
kaya rerungkudan sing ngandhut wisa.
5 Sing padha manggon ing kutha
Samaria bakal padha nggresah merga
kélangan brahalané pedhèt emas sing
ana ing Bètèl. Wong-wong mau lan para
imamé sing ngladèni brahala mau bakal
padha nangis. Bakal padha sesambat,
merga brahala mau emasé wis diklèthèk,
6 lan bakal diboyong menyang tanah
Asyur, kasaosaké minangka pisungsung
marang Sang Prabu. Israèl bakal
kwirangan merga nggugu naséhat sing
ora bener.
7 Ratuné bakal kaboyong, kéntir kaya
epang ana ing banyu.
8 Mesbèh-mesbèhé sing kanggo gawé
kurban ana ing punthuk-punthuk Awèn
bakal disirnakaké, sarta ketutupan
déning eri lan rerungkudan. Wong-wong
sing padha nyembah brahala mau
bakal padha kandha karo gunung-
gunung, "Aku padha dhelikna," lan
marang punthuk-punthuk, "Aku padha
aling-alingana!"
9 Pangéran ngandika mengkéné, "Wiwit
ana ing Gibéa kowé wis gawé dosa
marang Aku lan kuwi ora kokmarèni

nganti sepréné. Ana ing Gibéa kono
wong sing duraka mau wis kagebag ing
perang.
10 Aku sing nglawan lan ngukum bangsa
sing duraka iki. Para bangsa bakal padha
nglumpuk merangi, sebab bangsa iki
bakal kaukum merga saka dosa-dosané.
11 Israèl kuwi biyèn kaya pedhèt sing
wis dilatih kanggo nggiling gandum.
Nanging banjur Dakpasangi rakitan ing
githoké supaya bisa nandangi pegawéan
sing luwih akèh. Yéhuda Dakenggo
mluku lan Israèl Dakenggo nggaru.
12 ‘Mlukua lan mbukaka lemah garapan
anyar kanggo kapreluanmu dhéwé.
Nandura kamursidan lan ngundhuha
berkah saka enggonmu ngabekti marang
Aku. Wis tekan wektuné kowé mbalèni
Aku, Pangéran Allahmu, sarta Aku
bakal ngesokaké berkah-Ku nganti lubèr
marang kowé.’
13 Nanging kowé malah padha nandur
piala lan ngundhuh asilé. Saiki kowé
padha mangan asil panèné enggonmu
goroh." Pangéran ngandika menèh,
"Merga kowé padha ngendelaké kréta
perangmu lan serdhadhumu sing akèh
cacahé,

14 mulané kowé bakal ketekan ing
perang, lan sakèhé bètèngmu bakal
disirnakaké. Kelakoné kuwi bakal kaya
dhèk jamané Raja Salman nggempur
kutha Bèt-Arbèl sajroning perang, nganti
biyung saanak-anaké padha mati kabèh.
15 Mengkono sing bakal kelakon
tumraping kowé, hé wong Bètèl,
merga saka bangeté pialamu. Samasa
peprangané diwiwiti ratuné Israèl bakal
mati."

11 1 Pangandikané Pangéran
mengkéné, "Nalika isih cilik,
Israèl Daktresnani lan Daktimbali metu
saka tanah Mesir kaya putra-Ku kakung.
2 Nanging saya kerep enggon-Ku
nimbali, saya banget enggoné ngedohi
Aku. Umat-Ku padha gawé kurban
marang Baal, lan ngobong dupa kanggo
para brahala.
3 Mangka Aku sing nétah Israèl nganti
bisa mlaku, Aku sing mbopong, éwadéné
padha ora gelem ngrumangsani, yèn Aku
sing ngrumati wong-wong mau.
4 Dakrangkul kanthi katresnan,
Dakjunjung lan Dakambungi. Karo
ndhingkluk enggon-Ku ndulang.

5 Padha ora gelem mratobat lan
mbalèni Aku, mulané bakal Dakbalèkaké
menyang tanah Mesir, lan wong Asyur
sing bakal dadi ratuné.
6 Kutha-kuthané bakal katempuh ing
perang lan gapuranė bakal dibubrahi.
Umat-Ku bakal Dakremuk merga saka
enggoné nggugu karepé dhéwé.
7 Padha mantep enggoné nyingkur
marang Aku. Mulané bakal sesambat
merga saka aboting momotané, nanging
ora ana sing bakal ngangkat momotan
mau."
8 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Hé Israèl, apa Aku tegel ngetogaké
kowé? Apa Aku téga ninggal kowé?
Apa Aku mentala ngremuk kowé kaya
enggon-Ku ngremuk Admah, utawa
ngrusak kowé kaya enggon-Ku ngrusak
Zéboim? Ati-Ku ora tekan nindakaké
sing mengkono! Merga banget tresna-Ku
marang kowé.
9 Kowé bakal ora Dakajar nganggo
paukuman-Ku; Israèl bakal ora
Dakremuk menèh. Aku iki Allah, dudu
manungsa. Aku, Allah Kang Mahasuci,
nunggil karo kowé. Aku bakal ora
ngrawuhi kowé karo duka."

[10] Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Umat-Ku bakal manut menèh karo Aku,
samasa Aku nglawan para mungsuhé
karo nggero kaya singa. Umat-Ku banjur
bakal padha marek marang Aku saka
Kulon.
[11] Bakal padha teka saka Mesir, kaya
aburé manuk dara. Banjur bakal padha
Dakulihaké menyang omahé menèh.
Mengkono pangandikané Pangéran."
[12] (12-1) Pangandikané Pangéran
mengkéné, "Wong Israèl padha ngepung
Aku nganggo goroh lan piala. Wong
Yéhuda isih padha nerusaké enggoné
nglawan Aku, Allah kang mahasetya lan
mahasuci.

12

[1] (12-2) Samubarang sing
ditindakaké wong Israèl saka
ésuk tekan soré kuwi ora migunani,
malah ngrusak. Goroh lan panganiaya
saya mundhak akèh. Padha gawé
prejanjian karo tanah Asyur lan
dedagangan karo wong Mesir."
[2] (12-3) Pangéran wis nggugat marang
Yéhuda, lan Israèl bakal diukum
merga saka pretingkahé wong-wongé.
Panjenengané bakal males murwat karo
penggawéné.

3 (12-4) Yakub, leluhuré gelut karo
Ésau, seduluré kembar. Bareng wis
gedhé Yakub gelut karo Pangéran —
4 (12-5) yakuwi gelut karo malaékat
sarta menang. Dhèwèké nangis-nangis
nyuwun berkah. Pangéran ngrawuhi ing
Bètèl lan ngandika marang Yakub.
5 (12-6) Kuwi Pangéran Allah Kang
Mahakwasa — Pangéran, kuwi asmané
sing wajib dibektèni.
6 (12-7) Mulané saiki, hé turuné Yakub,
padha ngandela marang Allahmu, sarta
mratobata marang Panjenengané.
Sing setya lan temen, sarta padha
nganti-antia kanthi sabar marang apa
sing bakal katindakaké déning Allahmu.
7 (12-8) Pangandikané Pangéran,
"Wong Israèl kuwi goroh, ora béda karo
wong Kenaan. Padha seneng ngapusi
lengganané nganggo timbangan palsu.
8 (12-9) Kandhané, ‘Aku sugih. Bathiku
akèh. Ora ana sing ngarani yèn kita iki
sugihé merga saka ngapusi.’
9 (12-10) Nanging Aku, Pangéran
Allahmu, sing ngirid kowé metu saka
tanah Mesir, Aku bakal ngulihaké kowé
bali manggon ana ing kémah-kémah

menèh, kaya sing wis kokalami, nalika
Aku murugi kowé ana ing ara-ara samun.
10 (12-11) Aku wis ngandika bola-bali
lantaran para nabi, padha Dakparingi
wahyu bola-bali, sarta lantaran para nabi
mau Aku ngélingaké marang umat-Ku.
11 (12-12) Éwasemono ing Giléad wong
padha nyembah brahala, lan wong mau
kabèh padha nemahi pati. Ing Gilgal
wong padha gawé kurban sembelèhan
sapi lanang, lan sing digawé mesbèh
saka watu ditumpuk-tumpuk ana ing
ara-ara."
12 (12-13) Leluhur kita Yakub kepeksa
ngungsi menyang tanah Mésopotamia.
Ing kana panjenengané kepeksa
ngèngèr, nglakoni dadi pangon wedhus.
13 (12-14) Gusti Allah ngutus nabi
ngluwari umat Israèl saka tanah Mesir
lan ngopèni umat mau.
14 (12-15) Umat Israèl mau memungu
dukané Pangéran, lan wis samesthiné
diukum pati merga saka pialané.
Pangéran bakal ngukum umat mau
merga wis gawé wirangé asmané.
13 1 Dhèk biyèn, samasa klompok
Éfraim kandha, klompok-klompok
liyané padha wedi, sebab padha éring

marang Éfraim. Nanging wong-wong
mau padha gawé dosa merga padha
nyembah marang Baal, lan merga saka
dosané mau bakal padha nemahi pati.
2 Enggoné padha gawé dosa diterus-
terusaké srana gawé reca ukir-ukiran
saka slaka gawéané tangané manungsa.
Banjur padha kandha, "Saosa kurban
marang reca-reca kuwi!" Kokbisa-bisané
ngambung reca-reca mau, sing diwangun
kaya sapi lanang.
3 Mulané wong-wong mau bakal
kasirnakaké kaya pedhut ing wayah
ésuk, kaya ebun sing ilang sadurungé
raina. Kaya mrambut sing kabur ing
angin ana ing pengirigan gandum, kaya
kukus sing metu saka crobong.
4 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Aku iki Pangéran Allahmu, sing ngirid
kowé metu saka tanah Mesir. Kowé ora
duwé allah liyané kejaba Aku piyambak
Juru Slametmu.
5 Nalika kowé ana ing ara-ara samun
sing garing, Aku sing ngopèni kowé.
6 Nanging bareng kowé wis mlebu ing
tanah sing becik iki, kowé banjur padha
dadi wareg lan marem, nganti padha
dadi gemunggung lan lali karo Aku.

7 Mulané kowé bakal padha Dakserang
kaya caranÉ singa, lan Dakadhepi
kaya carané macan tutul ndhelik ing
sapinggiring dalanmu.
8 Kowé bakal Dakserang kaya carané
bruwang sing kélangan anaké,
sarta Daksuwèk-suwèk. Kowé bakal
Dakmangsa ngenggon. Daksempal-
sempal kaya carané kéwan galak.
9 Hé wong Israèl, kowé bakal
Daktumpes! Sapa sing bisa mitulungi
kowé?
10 Kowé padha njaluk ratu lan
penggedhé-penggedhé, nanging kepriyé
bisané wong-wong kuwi ngluwari
bangsané?
11 Sajroning paukuman-Ku kowé
Dakparingi ratu lan sajroning duka
padha Dakpundhut menèh."
12 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Dosané Israèl lan kaluputané kacathet
kabèh, lan cathetan mau kasimpen
primpen.
13 Israèl kaparingan wektu kanggo urip,
nanging merga saka bodhoné wektu
mau ora dipigunakaké, kaya bayi sing
tekan mangsané lair, ora gelem metu
saka wetengané biyungé.

14 Umat iki bakal ora Dakoncataké saka
donyané wong mati, lan ora Dakluwari
saka pangwasané pati! Umat iki ora
bakal Dakwelasi menèh.
15 Senajan Israèl ngrembuyung kaya
lateng, Aku bakal nekakaké angin panas
saka Wétan, saka segara wedhi sing
bakal njalari etuk-etuk lan sumur-sumur
padha garing. Samubarang sing pengaji
bakal Dakpundhut.
16 (14-1) Samaria mesthi bakal kaukum
merga wis cukup panglawané marang
Aku. Wong-wongé bakal padha mati ana
ing peprangan. Bayi-bayiné bakal padha
kabanting ajur ana ing lemah lan wong
meteng wetengé bakal dibedhèl."

14 1 (14-2) Hé umat Israèl,
mratobata marang Pangéran
Allahmu. Dosamu njalari kowé
kesandhung lan tiba.
2 (14-3) Mratobata marang Pangéran,
lan ndedongaa mengkéné minangka
panyuwunmu marang Panjenenganė,
"Mugi kersa ngapunten sakathahing
dosa kawula lan miyarsakaken pandonga
kawula, lan kawula sami badhé
ngluhuraken asma Paduka miturut janji
kawula.

3 (14-4) Asyur mboten badhé saged
mitulungi kawula, lan prejurit kapalan
inggih mboten badhé saged ngayomi
kawula. Kawula mboten badhé criyos
dhateng reca ukir-ukiran, bilih menika
Allah kawula. Dhuh Pangéran, Paduka
menika nandukakaken piwelas dhateng
tiyang ingkang mboten gadhah
pengajeng-ajeng sanèsipun kejawi
Paduka piyambak."
4 (14-5) Pangandikané Pangéran
mengkéné, "Umat-Ku bakal Dakpulihaké
saka enggoné murtad, lan bakal
Dakkasihi kalawan gumolonging ati; Aku
bakal ora duka menèh karo wong-wong
mau.
5 (14-6) Aku bakal dadi kaya udan ing
tanah garing kanggoné Israèl. Bakal
padha tuwuh subur kaya kembang.
Bakal padha ngoyod jero kaya kekayon
ing Gunung Libanon.
6 (14-7) Bakal padha lestari urip lan
ngambra-ambra, sarta dadi éndah kaya
wit zaitun, metokaké ganda arum kaya
wit sédar ing Libanon.
7 (14-8) Bakal padha bali manggon ana
ing pengayoman-Ku. Bakal padha tuwuh
ndadi kaya tanduran ana ing tamanan

lan metokaké woh akèh kaya wit anggur.
Bakal padha misuwur kaya anggur ing
Libanon.
8 (14-9) Umat Israèl bakal nyingkur
marang brahala selawas-lawasé. Mula
Aku bakal miyarsakaké pandonganė
sarta bakal padha Dakrumati. Bakal
padha Dakayomi kaya carané wit barus;
Aku bakal dadi etuking berkahé kabèh."
9 (14-10) Wong sing wicaksana muga-
muga ngerti apa sing katulis ing kitab
iki, sarta padha digatèkaké. Mergining
Pangéran kuwi bener, lan wong mursid
padha ngambah ing kono, nanging wong
dosa bakal padha kesandhung sarta tiba,
merga padha nyepèlèkaké dalan mau.

Yoel

1 [1] Pangandikané Pangéran Allah sing
kadhawuhaké marang Nabi Yoèl bin
Petuèl.
[2] Hé para wong tuwa, padha nggatèkna;
wong-wong ing Yéhuda, padha nitènana.
Apa tau ana lelakon sing kaya mengkéné,
sajegmu urip utawa ing jamané para
leluhurmu?
[3] Anak-anakmu padha kandhanana;
supaya padha nyritani anak-anaké, lan
anak-anaké mau supaya nyritakaké
marang anak-putuné.
[4] Walang mbrobol ambruk ngebyuki lan
mangan tanduran; grombolan sing siji
lunga, sijiné teka ngentèkaké sisané.
[5] Hé para wong mendem, padha tangia
lan padha nangisa! Wohing anggur arep
kanggo gawé minuman anyar wis rusak
kabèh.
[6] Grombolan walang wis nyerang
tanah kita, cacahé tanpa wilangan lan
pangwasané gedhé; untuné landhepé
kaya untu singa.

[7] Kuwi wis padha ngrusak srana
ngemah-ngemah wit anggur kita.
Kulité wit-wit mau wis dikrokoti, nganti
pang-pangé padha katon putih.
[8] Padha nangisa hé wong kabèh, kaya
prawan sing nangisi pacangané, sing
mati sadurungé kawin.
[9] Gandum lan anggur sing arep
kasaosaké ing Pedalemané Allah wis
entèk. Para imam padha sesambat
merga wis ora ana apa-apa, sing kena
disaosaké marang Pangéran.
[10] Sawah-sawah padha bera; buminé
mèlu ngenes, merga gandumé padha
rusak, wité anggur padha dadi garing,
sarta wit-wit zaitun padha alum.
[11] Hé para wong tani, padha sambat-
sambata, sing padha jaga kebon anggur
padha nangisa, merga gandum lan sair[a]
sarta pametuné bumi kabèh wis lebur.
[12] Wit-wit anggur lan zaitun wis padha
alum, lan sakèhé wowohan wis mati
garing; kabungahané wong wis sirna
kabèh.
[13] Padha nganggoa bagor lan nangisa,
hé sakèhé imam sing leladi ing mesbèh!
Padha mlebua ing Pedalemané Allah

---

[a]sair: bangsanipun gandum.

lan sesambata. Wis ora ana gandum
utawa anggur kanggo nyaosaké kurban
dhaharan marang Allahmu.
14 Padha umumna supaya wong padha
pasa; wong-wong padha klumpukna!
Para pemimpin lan sakèhé wong Yéhuda
konen ngumpul ana ing Pasucèné
Pangéran Allahmu, nuli padha nangisa
marang Panjenengané.
15 Dinané Pangéran wis cedhak; yakuwi
dinané Allah nekakaké karusakan. Iba
gedhéné bilai sing bakal katekakaké ing
dina mau!
16 Kita padha ora duwé daya apa-apa,
jalaran pametuné bumi wis rusak kabèh.
Ing Pedalemané Pangéran Allah kita wis
ora ana kabungahan babar-pisan.
17 Winih-winih padha mati garing ana
ing njero lemah. Lumbung-lumbung wis
padha resik gusis, lan gudhang-gudhang
wis kothong lan wis padha ambruk.
18 Kéwan-kéwan padha sangsara pating
brengok, merga wis ora ana pangonan;
mengkono uga pepanthaning wedhus
padha nandhang sangsara kurang
pangan.
19 Kawula sami njerit dhateng Paduka,
dhuh Pangéran, margi pangènan lan

wit-witan sami garing, kados sami
kebrongot ing latu.
20 Ugi para kéwan galak sami sesambat
dhateng Paduka, margi etuk-etuk sami
asat sedaya.

2 1 Slomprèté unèkna, kanggo tandha
ing Sion, ing gunungé Pangéran sing
suci. Padha gemetera, hé wong sing
padha manggon ing Yéhuda! Dinané
Pangéran bakal énggal teka.
2 Dina mau bakal peteng lan surem,
mendhungé peteng nggegirisi. Walang
byuk-byukan gedhé bakal teka kaya
pepeteng nutupi gunung-gunung.
Kedadéan sing mengkono mau durung
tau kelakon, lan uga ora bakal kelakon
menèh.
3 Walang-walang mau padha mangani
tanduran kaya geni sing memangsa.
Mangka tanah sing gumelar ing ngarepé
éndah kaya petamanan Èden, nanging
ing mburiné mau tanahé dadi ara-ara
samun gundhul, merga ora ana tanduran
sing bisa oncat saka walang-walang
mau.
4 Walang-walang kuwi rupané kaya
jaran; playuné kaya jaran sing kanggo
perang.

5 Enggoné padha mlaku ana ing
gunung-gunung swarané kaya krétaning
perang. Kumrètèké kaya suket garing
kamangsa ing geni. Padha baris kaya
tentara akèh, sing arep nyerang ing
peprangan.
6 Samasa nyedhak saben wong padha
giris, rainé dadi pucet.
7 Enggoné nyerang kaya carané prejurit
ing peprangan; padha mènèk témbok
kaya carané serdhadhu. Yèn maju lakuné
lenceng, ora ménggok ngiwa utawa
nengen,
8 ana ing ngendi-endia iya mengkono.
Padha nabrak lan mbrobos pager, lan ora
ana sing bisa ngendhegaké lakuné.
9 Padha gegancangan mlebu ing kutha;
ngunggahi témbok-témbok; banjur
padha mrambat lan mlebu omah metu
jendhéla-jendhéla kaya maling.
10 Yèn padha maju buminé horeg,
langité gemeter. Srengéngé lan
rembulan padha dadi peteng, lan
lintang-lintang padha ora katon soroté.
11 Pangéran paring aba marang
tentarané, kanthi sora lan gemleger.
Tentara sing tanpa wilangan cacahé,
gedhé lan rosa-rosa padha ngèstokaké

dhawuhé. Iba enggoné ngédab-édabi
Dinané Pangéran kuwi! Sapa sing bisa
lestari urip?
12 Pangandikané Pangéran, "Saiki padha
mratobata sing temenan lan mbalènana
Aku, karo pasa, nangis lan nlangsa.
13 Atimu sing remuk mau nélakna
enggonmu sedhih; nyuwèk-nyuwèk
penganggo waé durung cukup."
Balia ngabekti marang Pangéran
Allahmu. Panjenengané becik lan kebak
kawelasan; sabar lan netepi janjiné;
tansah dhangan paring pangapura lan
ora tansah paring paukuman.
14 Sapa sing ngerti, mbokmenawa
Pangéran Allahmu salin penggalihé,
lan kersa mberkahi panènanmu kanthi
lubèr-lubèr. Yèn mengkono kowé bakal
padha bisa saos kurban dhaharan lan
kurban unjukan.
15 Slomprèté unèkna ana ing Gunung
Sion; nglakonana pasa lan wong-wong
padha klumpukna.
16 Wong-wong konen padha nglumpuk;
padha cecawisa kanggo parepatan
gedhé. Wong tuwa-tuwa padha tekakna;
mengkono uga bocah-bocah lan para
bayi sing isih nusu. Pengantèn anyar

pisan karebèn padha metu saka kamaré
lan mèlu ing parepatan.
17 Para imam kang ngladèni Pangéran
ing antarané mesbèh lan pendhapané
Pedalemané Allah kudu padha ndedonga
karo nangis, "Dhuh Allah, mugi kersa
melasi dhateng umat Paduka; sampun
ngantos kawula dipun rèmèhaken,"
lan dipun écé déning bangsa-bangsa
sanèsipun kalayan mungel, "Allahé ana
ing ngendi?"
18 Gusti Allah menggalih lemah
kagunganè; merga tuwuh welasé
marang umaté.
19 Panjenenganè paring wangsulan,
"Kowé saiki bakal Dakparingi gandum,
anggur lan lenga zaitun, nganti kowé
bakal padha wareg. Kowé bakal ora
dirèmèhaké déning para bangsa menèh.
20 Walang sing teka saka Lor bakal
Daksingkiraké, lan sapérangan bakal
Dakbuwang menyang ara-ara samun.
Barisané sing ngarep dhéwé bakal
Dakgiring menyang Segara Mati,
sarta barisané sing mburi bakal
Dakcemplungaké ana ing Segara
Tengah. Bathangé bakal mambu bacin.

Walang-walang mau bakal Daktumpes
merga saka penggawéné marang kowé.
21 Hé tanah tegalan, aja padha wedi,
padha surak-suraka lan bungah-bungaha
merga saka pendamelé Pangéran
marang kowé.
22 Hé sakèhé sato kéwan, aja padha
wedi. Pangonané padha ijo royo-royo;
wit-witan padha metokaké woh, woh
anjir lan woh anggur padha ngemohi.
23 Hé para wong sing padha manggon
ing Sion, padha bungah-bungaha. Padha
giyak-giyaka kanggo apa waé sing wis
katandukaké déning Pangéran marang
kowé. Panjenengané wis paring udan
awal sacukupé, lan wis ngesokaké udan
ing mangsa bedhidhing, sarta udan ing
mangsa semi kaya adat sabené.
24 Penggilingan-penggilingan kebak
gandum; pemipitané bakal kebak anggur
lan lenga zaitun.
25 Aku bakal mbalèkaké panènanmu
sing wurung sajroning sawetara taun
iki, merga dipangan grombolan walang
nganti ludhes. Sing nekakaké tentara
nglawan kowé kuwi Aku dhéwé.
26 Saiki kowé bisa mangan akèh nganti
wareg. Kowé bakal ngluhuraké asmané

Pangéran, Allahmu, sing wis nindakaké
kaélokan marang kowé. Umat-Ku bakal
ora kwirangan menèh.
27 Lan kowé bakal padha ngerti yèn
Aku iki ana ing satengahmu, lan yèn
Aku, Pangéran iki Allahmu. Ora ana
menèh kejaba Aku. Umat-Ku bakal ora
kwirangan menèh ing selawas-lawasé."
28 "Sawisé mengkono Aku bakal
ngesokaké Roh-Ku marang saben
wong; anak-anakmu lanang lan wadon
bakal padha medhar wangsit; wong
tuwa-tuwa bakal padha ngimpi, lan wong
nom-noman bakal padha weruh wahyu.
29 Ing wektu kuwi Aku bakal ngesokaké
Roh-Ku, senajan marang para batur-
tukon pisan lanang lan wadon."
30 Aku bakal nganakaké pretandha ana
ing langit lan ana ing bumi; bakal akèh
getih kawutahaké, bareng karo anané
geni lan kumeluné kukus.
31 Ing kono srengéngé bakal dadi
peteng, lan rembulan dadi abang
kaya getih, sadurungé tekané Dinané
Pangéran sing nggegirisi.
32 Nanging saben wong sing nyenyuwun
marang Pangéran bakal kapitulungan
rahayu. Kaya sing wis dipangandikakaké

déning Pangéran, "Ing Yérusalèm bakal
ana wong sawetara sing bisa oncat lan
wong sing Daktimbali bakal kaentas."
3 [1] Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Ing wektu kuwi Aku bakal mulihaké
kemakmurané Yéhuda lan Yérusalèm
menèh.
[2] Bangsa-bangsa bakal Dakklumpukaké
lan Dakgawa menyang Lembah
Pengadilan. Ana ing kono Aku bakal
nindakaké pengadilan, lan ngadili apa
sing wis ditindakaké déning umat-
Ku. Wong Israèl wis padha disebar
menyang negara-negara manca, sarta
ngedum-edum tanah-Ku nganti entèk.
[3] Padha nggawé lotré kanggo netepaké
sapa sing bakal ngwasani wong tawanan.
Bocah lanang lan bocah wadon padha
diedol dadi batur-tukon, kanggo mbayar
regané anggur lan opahé sundel.
[4] Hé wong Tirus lan wong Sidon sarta
wong ing wengkoné tanah Filistéa, Aku
arep kokkapakaké? Apa kowé arep males
karo tumindak-Ku? Yèn nyata mengkono,
kowé sanalika bakal Dakwales gentèn!
[5] Kowé wis mboyong slaka lan emas,
sarta raja-brana-Ku, koklebokaké ana
ing candhi-candhimu.

6 Wong Yéhuda lan wong Yérusalèm
wis kokboyongi menyang negara-negara
adoh lan kokedol marang wong Yunani.
7 Saiki wong-wong mau bakal Dakluwari
saka panggonan enggonmu ngedol.
Saiki Aku males marang kowé kaya
penggawému marang wong-wong mau.
8 Saiki Aku bakal dhawuh ngedol
anak-anakmu lanang lan wadon marang
wong Yéhuda, lan wong mau bakal
ngedol menèh marang panggonan
sing adoh, yakuwi Syéba. Mengkono
pangandikané Pangéran."
9 Wartakna marang sakèhé para
bangsa: "Padha cecawisa perang;
klumpukna para prejuritmu, tatanen
barisané, nuli mangkata!
10 Kajèné lukumu gemblèngen dadèkna
pedhang, lan arit-aritmu gawénen
tumbak. Tekan wong sing ringkih pisan
kudu mèlu perang.
11 Diénggal, tekaa, hé sakèhé
bangsa-bangsa ing ngendi-endi, padha
nglumpuka ana ing lembah. Dhuh
Pangéran, mugi ngutus tentara Paduka
nempuh piyambakipun.
12 Para bangsa kudu padha siap lan
teka ing Lembah Pengadilan. Aku bakal

lenggah ana ing kana, ngadili sakèhé
para bangsa.
13 Pialané gedhé banget, mulané
babaden kaya gandum ing mangsa
panèn; iles-ilesen kaya woh anggur
diiles-iles ana ing pemipitan, nganti
banyuné anggur mili lubèr!
14 Maèwu-èwu wong sing padha
nglumpuk ana ing Lembah Pengadilan.
Dinaning Pangéran wis cedhak.
15 Srengéngé lan rembulan bakal dadi
peteng, lan lintang-lintang ora bakal
nyunaraké pepadhang."
16 Pangéran bakal dhawuh saka Sion;
swarané ngemandhang kaya gludhug
saka Yérusalèm; bumi lan langit bakal
padha horeg. Nanging umaté bakal
diayomi.
17 "Sabanjuré kowé, Israèl, bakal
sumurup yèn Aku iki Pangéran, Allahmu!
Aku dedalem ing Sion, gunung-Ku sing
suci. Yérusalèm bakal dadi kutha suci,
sing ora bakal ditelukaké menèh déning
wong manca!
18 Ing wektu kuwi gunung-gunung
bakal kebak kebon anggur, lan punthuk-
punthuk bakal kebak sapi lan wedhus;
ing kana bakal akèh banyuné, nganti

lubèr, mili ing kali-kaliné Yéhuda. Saka
Pedalemané Pangéran bakal ana kali,
sing mili mbanyoni Lebak Sitim.
19 Mesir bakal dadi ara-ara samun, lan
Édom dadi gempuran sing sepi, merga
wong Édom wis padha nyerang tanah
Yéhuda, lan matèni wong-wong sing ora
ngerti apa-apa.
20 Aku bakal males getihé wong sing
padha dipatèni; sing kaluputan bakal
ora Dakéman. Nanging Yéhuda lan
Yérusalèm bakal dienggoni menèh nganti
turun-temurun, lan Aku Pangéran, bakal
dedalem ana ing Sion."
21 (3:20)

Amos

1 [1] Iki pamedhar wangsité Nabi Amos,
pangon sing asalé saka kutha Tekoa.
Kelakoné rong taun sadurungé lindhu
gedhé, yakuwi nalika jamané Uzia
jumeneng raja ing Yéhuda lan Yérobéam
bin Yoas jumeneng raja ing Israèl. Ing
kono Pangéran paring wahyu marang
Amos bab Israèl.
[2] Pangandikané Nabi Amos mengkéné,
"Pangéran dhawuh saka Gunung Sion;
swarané kaya gludhug saka Yérusalèm.
Pangonan-pangonan bakal dadi garing,
lan suket ing Gunung Karmèl bakal malih
rupané dadi soklat."
[3] Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wong Damsyik ora lèrèn-lèrèn enggoné
gawé dosa, mulané bakal padha
Dakukum. Bangsa kuwi wis nindhes
wong Giléad sarta ambek siya.
[4] Aku bakal nekakaké geni lan ngobong
kedhatoné Hazaèl, semono uga
bètèng-bètèngé Raja Bènhadad.
[5] Gapuranė kutha Damsyik bakal
Dakrubuhaké lan Aku bakal nyingkiraké

wong-wong sing manggon ana ing
Lembah Awèn, mengkono uga rajané
Bèt-Èden. Bangsa Siria bakal kaboyong
dadi tawanan menyang tanah Kir."
6 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wong Gaza ora lèrèn-lèrèn padha gawé
dosa, mulané mesthi bakal Dakukum,
merga wis padha ngangkataké wong
sabangsa, diedol dadi batur-tukon
marang bangsa Édom.
7 Sarèhné mengkono, Aku bakal
nekakaké geni ana ing bètèngé kutha
Gaza lan ngobong bètèng-bètèngé mau
nganti tapis.
8 Para penggedhéné kutha-kutha Asdod
lan Askelon bakal Daksingkiraké. Kutha
Ékron bakal Dakukum lan kekarèné
wong Filistin bakal mati kabèh."
9 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Bangsa Tirus kuwi enggoné gawé dosa
ora lèrèn-lèrèn, mulané mesthi bakal
Dakukum. Sebab wis padha ngangkataké
wong sabangsa menyang tanah Édom,
dadi ora netepi prejanjian memitrané
karo bangsa mau.
10 Mulané Aku bakal nekakaké geni ana
ing bètèngé kutha Tirus lan ngobong
bètèng-bètèngé mau nganti tapis."

11 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Bangsa Édom enggoné gawé dosa
ora uwis-uwis, mulané mesthi bakal
Dakukum. Sebab wis padha nguya-uya
seduluré, yakuwi bangsa Israèl, tanpa
welas. Nepsuné sing diendhem ora kena
disirep.
12 Mulané Aku bakal nekakaké geni ana
ing kutha Téman lan bètèng-bètèngé
kutha Bozra bakal Dakobong nganti
tapis."
13 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wong Amon enggoné gawé dosa
ora uwis-uwis, mulané mesthi bakal
Dakukum. Enggoné perang kanggo
ngelar jajahané nganti tegel mbedhèl
wetengan ana ing Giléad.
14 Merga saka kuwi Aku bakal nekakaké
geni ana ing bètèngé kutha Raba lan
ngobong bètèng-bètèngé mau nganti
tapis. Ing dina kuwi bakal ana perang
lan keprungu swaraning wong sing
padha sesambat. Raméning perang kaya
pangamuké prahara.
15 Raja lan para penggedhéné bakal
ditawan lan kabuwang menyang tanah
manca."

2 1 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Bangsa Moab enggoné gawé dosa
wis marambah-rambah, mulané mesthi
bakal Dakukum. Bangsa mau wis ngina
balung-balungé raja Édom, merga
ngobongi balung-balung mau nganti dadi
awu.
2 Aku bakal nekakaké geni ana ing
tanah Moab lan ngobong bètèng-bètèngé
kutha Kériot. Wong Moab bakal mati
ing satengahing peprangan, bareng
karo swarané prejurit sing padha pating
brengok lan swaraning slomprèt.
3 Rajané Moab bakal nemahi pati,
semono uga penggedhéné negara kono
kabèh."
4 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wong Yéhuda enggoné gawé dosa bola-
bali, mulané mesthi bakal Dakukum.
Wong-wong mau padha nampik
piwulang-Ku lan padha ora netepi
pepakon-Ku. Padha gelem disasaraké
déning para brahala sing biyèn disembah
déning para leluhuré.
5 Mulané Aku bakal nekakaké geni ing
Yéhuda, lan ngobong bètèng-bètèngé
Yérusalèm nganti tapis."

6 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Bangsa Israèl marambah-rambah gawé
dosa, mulané mesthi bakal Dakukum.
Wong mursid sing ora bisa nyaur utangé
padha diedol, mengkono uga wong
mlarat mbayar regané sandhal sepasang
waé ora bisa.
7 Wong sèkèng lan wong sing tanpa
kekuwatan padha diidak-idak. Wong
miskin padha disasaraké. Bapak lan
anaké lanang padha-padha nuroni
batur-tukon wadon siji, lan srana
mengkono padha nyewiyah kasucèn-Ku.
8 Ing saben panggonan sing dienggo
ndedonga padha slèmèkan sandhanganė
wong miskin sing digadhèkaké marang
wong mau. Ana ing Pedalemané Allahé
wong mau padha ngombé anggur, sing
dijupuk saka wong-wong sing utang
marang wong mau.
9 Mangka iya merga kowé Aku wis
numpes bangsa Amori, sing dedegé
gedhé dhuwur kaya wit èrès lan rosané
kaya wit élon.
10 Kowé Dakirid metu saka tanah
Mesir. Dakkanthi ana ing ara-ara samun
nganti patang puluh taun lawasé, sarta

Dakparingi tanahé wong Amori dadi
duwèkmu.
11 Ing antarané anak-anakmu lanang
ana sawetara sing Dakpilih dadi nabi,
lan ana nonoman sing dadi nasir,[a] apa
ora mengkono, hé Israèl? Mengkono
pangandikané Pangéran.
12 Nanging para nasir padha kokkon
ngombé anggur lan para nabi kokpenging
medhar wangsit sing ditampa saka Aku.
13 Mulané saiki kowé bakal Dakiles-iles
ing lemah, nganti kowé bakal sesambat
pating krengkèt kaya grobag sing
kabotan momotan gandum.
14 Senajan wong sing banter playuné
bakal ora bisa oncat, lan wong rosa bakal
kélangan karosané sarta para prejurit
bakal ora bisa nylametaké awaké dhéwé.
15 Prejurit panahan bakal ora bisa
tahan, wong sing rikat playuné bakal ora
bisa ngoncati, sarta prejurit jaranan uga
ora bisa ngluwari awaké dhéwé.
16 Ing dina kuwi wong sing kendel
dhéwé bakal mbuwang gegamané lan
mlayu ngungsi. Mengkono pangandikané
Pangéran."

---

[a]nasir: sinengker, pinilih.

3

1 Hé wong Israèl, rungokna
pangandikané Pangéran kanggo
bangsamu kabèh, sing wis diirid metu
saka tanah Mesir déning Pangéran.
2 "Saka ing antarané bangsa-bangsa
salumahing bumi mung kowé dhéwé
sing Dakraketi lan Dakrumati. Kuwi sing
ndadèkaké dosamu saya abot, lan njalari
Aku mesthi kudu ngukum kowé."
3 Apa wong loro sing lelungan
bebarengan ora rembugan dhisik?
4 Apa ana singa sing nggero ing alas,
menawa durung olèh memangsan? Singa
nom apa nyuwara ing guwané menawa
durung nubruk apa-apa?
5 Manuk apa bisa mlebu ing pasangan,
menawa pasangané ora disèlèhi pakan?
Apa pasangan bakal njeplak menawa
durung diidak?
6 Apa ana slomprèt diunèkaké mangka
wong-wong ing kutha padha ora wedi?
Apa ana kutha ketekan paukuman sing
ora ditekakaké déning Pangéran?
7 Pangéran Allah ora bakal nindakaké
apa-apa, sing sadurungé ora dilairaké
dhisik marang para nabi, abdiné.
8 Yèn ana singa nggero, sapa sing ora
wedi? Yèn Pangéran Kang Mahakwasa

ngandika, sapa bisa ora medharaké
pangandikané?
9 Wartakna marang wong-wong sing
padha manggon ing kedhaton Mesir
lan Asdod, "Padha nglumpuka ana ing
punthuk-punthuk sakubengé Samaria,
lan delengen gègèr sing kelakon ing
negara kono sarta panganiaya sing
katindakaké ana ing kana."
10 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Wong-wong kuwi padha ngisèni omahé
nganggo barang colongan lan asilé
enggoné ngrampog. Padha ora ngerti
sing diarani jujur kuwi kepriyé.
11 Mulané tanahé bakal dikepung déning
mungsuh, témbok lan bètèng-bètèngé
bakal dirusak, lan omah-omahé bakal
dijarah-rayah.
12 Pangandikané Pangéran mengkéné,
‘Kaya déné pangon mung bisa ngrebut
sikil loro utawa kuping secuwil saka
cangkemé singa, semono uga mung
sethithik cacahé wong Samaria sing
bisa oncat, yakuwi wong sing saiki
padha lèyèh-lèyèh ana ing peturon sing
méwah.’"
13 Pangandikané Pangéran Kang
Mahaluhur lan Mahakwasa mengkéné,

"Padha ngrungokna, lan turuné Yakub
padha élingna.
14 Ing dinané enggon-Ku ngukum
umat Israèl merga saka dosa-dosané,
mesbèh-mesbèh ing Bètèl bakal
Dakrusak. Sungu-sunguné mesbèh mau
bakal padha ditugeli, dibuwang ing
lemah.
15 Pasanggrahan mangsa bedhidhing
lan pasanggrahan mangsa panas bakal
Dakrusak. Omah-omah sing dihias
nganggo gadhing bakal digempur, lan
saben omah gedhé bakal diremuk.
4 1 Iki rungokna, hé para wong wadon
Samaria, sing padha lemu ginuk-
ginuk kaya sapi Basan sing dilemokaké.
Kowé padha nyia-nyia wong sèkèng lan
nindhes wong miskin, sarta akon bojomu
nyawisi kowé anggur sing apik dhéwé!
2 Allah Kang Mahakwasa lan Mahasuci
wis supaos mengkéné: Bakal tekan
wektuné kowé padha kagèrèd nganggo
keluh, saben wong ditarik nganggo
pancing kaya iwak.
3 Kowé bakal digèrèd menyang bètèng
sing bolong lan dibuwang metu saka
kono."

4 Pangandikané Pangéran Kang
Mahaluhur mengkéné, "Hé wong Israèl,
lungaa menyang pasucènmu ing Bètèl
lan terus-terusna enggonmu gawé dosa!
Lungaa menyang Gilgal lan gawéa dosa
sakatogmu! Terus-terusna lan gawéa
kurban sembelèhan, saben ésuk sarta
saosna prasepuluhanmu pendhak telung
dina sepisan.
5 Terusna enggonmu nyaosaké
kurban dhaharan marang Allah, lan
ngumukna enggonmu saos kurban
mirunggan! Mengkono mau rak wis dadi
kasenenganmu.
6 'Aku bakal nekakaké paceklik ana
ing kutha-kuthamu, éwasemono kowé
padha ora mratobat marang Aku.
7 Aku nyegah tekané udan, samasa
tanduranmu nedheng-nedhengé
mbutuhaké banyu. Kutha sing siji
Dakparingi udan, nanging sijiné ora.
Udan tiba ing sawah sing siji, nanging
liyané tetep garing.
8 Wong saka kutha ngendi-endi sing
lemes merga ketaton, padha golèk banyu
ing kutha sing dikira ana banyuné, jebul
banyuné ing kono ora cukup kanggo

ngombé. Éwasemono kowé padha ora
mratobat marang Aku.
9 Aku banjur nekakaké angin panas sing
mbrongot tanduranmu. Walang-walang
padha mangan wit-witan sing ana
ing kebonmu, wit anggurmu sarta wit
anjir lan wit zaitun, nganti entèk tapis.
Éwasemono kowé padha ora mratobat
marang Aku.
10 Aku wis ngintunaké pageblug ana
ing tengahmu kaya kang Dakkintunaké
marang wong Mesir; para nonomanmu
wis padha Dakpatèni ana ing peprangan,
semono uga jaran-jaranmu wis padha
dirayah. Panggonanmu wis Dakdamel
bacin merga bathangé wong lan kéwan
nganti ambuné mau nyogok irungmu,
éwasemono kowé padha ora mratobat
marang Aku.
11 Wongmu sawetara ana sing
Daktumpes kaya enggon-Ku numpes
Sodom lan Gomora. Ana sing kari urip,
presasat kayu murub kaentas saka
geni. Éwasemono kowé ora mratobat
marang Aku’, mengkono pangandikané
Pangéran.

12 Mulané hé wong Israèl, kowé bakal
Dakukum, lan sarèhné mengkono, kowé
tata-tataa nampani paukuman-Ku!"
13 Allah kang yasa gunung-gunung
sarta nitahaké angin. Panjenengané
nyumurupaké marang manungsa apa
sing digalih. Panjenengané sing nitahaké
rina lan wengi. Panjenengané tindak ana
ing sandhuwuré punthuk-punthuking
bumi. Asmané kasebut: Pangéran Allah
Kang Mahakwasa!

5 1 Padha rungokna hé Israèl! Kidung
patangisané wong mati sing
Dakkidungaké kanggo kowé:
2 Israèl kuwi putri sing tiba, lan ora bisa
tangi menèh! Nggléthak ana ing lemah,
mangka ora ana sing nangèkaké.
3 Pangandikané Pangéran Kang
Mahaluhur mengkéné, "Ana kutha ing
Israèl nglurug perang, nggawa tentara
sèwu, nanging sing bali mung wong
satus. Kutha liyané nggawa tentara
satus, nanging sing bali mung sepuluh."
4 Pangandikané Pangéran marang wong
Israèl, "Kowé nggolèkana Aku, temah
kowé bakal urip.
5 Aja ngabekti marang Aku ing Bèrsyéba
utawa nggolèki Aku ana ing Bètèl.

Bètèl kuwi dudu apa-apa. Aja menyang
Gilgal — wong ing Gilgal bakal mati ing
pembuwangan."
6 Padha nggolèkana Pangéran, temah
kowé bakal urip. Yèn kowé ora nggolèki
Panjenengané, Panjenengané bakal
ngrawuhi kowé kaya geni sing ngebyuki
umat Israèl. Geni mau bakal ngobong
wong-wong ing Bètèl, lan ora ana wong
sing bakal bisa nyirep.
7 Kowé wis ketiban paukuman, merga
kowé wis nylèwèngaké keadilan lan
nasaraké wong saka dalan sing bener!
8 Pangéran kang yasa lintang-lintang
— lintang Wuluh lan lintang Luku.
Panjenengané sing malik awan
dadi bengi, lan bengi dadi awan.
Panjenengané sing nimbali banyuné
segara, nuli diesokaké ana ing bumi.
Asmané kasebut: Pangéran.
9 Panjenengané sing ngrusak wong
kwasa sarta sabètèng-bètèngé pisan.
10 Kowé padha sengit marang wong
sing mbélani kabeneran ana ing
pengadilan sarta ngucapaké tembung
sing sanyatané.
11 Wong miskin padha kokidak-idak,
gandumé padha karampog. Mulané kowé

bakal ora manggon ana ing omahmu
sing kokbangun nganggo watu becik
utawa ngombé anggur tanduranmu saka
kebon anggurmu sing nyenengaké.
12 Ngertia sepira gedhéné dosa-dosamu
lan sepira akèhé pialamu sing wis
koktindakaké. Wong mursid padha
kokkuya-kuya, kowé nampani suap lan
nyegah wong miskin olèh kabeneran ana
ing pengadilan.
13 Mulané ing mangsa sing ala
mengkono, sing becik dhéwé yèn
meneng waé!
14 Padha nggolèka prekara sing becik,
aja sing ala, supaya kowé urip, sarta
Pangéran Kang Mahakwasa bakal nunggil
karo kowé temenan, kaya sing dadi
kandhamu.
15 Piala sengitana lan kabecikan
raketana, sarta kabeneran bakal unggul
ana ing pengadilan. Mbokmenawa
Pangéran rentah welasé marang wong-
wong kekarèné umaté sing isih padha
urip.
16 Pangéran Allah Kang Mahakwasa
ngandika mengkéné, "Ing lurung-
lurunging kutha bakal keprungu
pesambat lan panangisé wong sing mèlu

sambat-sambat, nangisi wong sing mati,
bebarengan karo tukang tangis bayaran.
17 Ing kebon anggur ngendi-endi bakal
keprungu swarané wong sing padha
sesambat. Iki kabèh bakal kelakon,
merga Aku bakal teka ngukum kowé.
Mengkono pangandikané Pangéran."
18 Saiba gedhéning cilakamu sing padha
ngarep-arep tekané dinané Pangéran.
Apa gunané dina mau kanggoné kowé?
Kanggoné kowé dina mau bakal peteng,
ora padhang.
19 Mungguh ing kowé dina kuwi ibaraté
wong sing mlayu ngoncati singa, jebul
kepethuk bruwang! Utawa kaya wong
sing tekan omah, cekelan témbok, jebul
tanganė dicokot ula!
20 Dinané Pangéran kuwi bakal
nekakaké pepeteng, dudu pepadhang.
Dina sing surem tanpa cahya.
21 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Aku gething karo dina-dinamu riaya.
Aku ora rena ing penggalih!
22 Samasa kowé padha ngunjukaké
kurban obongan lan kurban dhaharan,
bakal ora Daktampa. Kurbanmu kéwan
lemon bakal Daktampik.

23 Mandhega enggonmu menyanyi
ramé. Aku ora butuh ngrungokaké
swaraning rebabmu.
24 Kosokbaliné keadilan padha golèkana,
supaya lubèr kaya ilining banyu, lan
kabeneran kaya kali sing ora tau garing.
25 Hé wong Israèl, sajroning patang
puluh taun Aku nuntun kowé metu
segara wedhi, Aku ora tau mundhut
kurban sembelèhan utawa kurban
dhaharan.
26 Nanging saiki bareng kowé padha
nyembah recané Sakkut, rajaning
brahalamu, lan Kaiwan, déwané lintang,
kowé kudu tetep nggawa reca-recamu
mau.
27 Yakuwi samasa kowé Dakbuwang ing
tanah adoh saka Damsyik. Mengkono
pangandikané Pangéran, sing asmané
kasebut: Allah Kang Mahakwasa."

6 1 Saiba gedhéning kasangsaran sing
bakal nekani kowé, hé wong-wong
sing padha ayem-ayem manggon ana ing
Sion, lan rumangsa tentrem manggon
ing Samaria — hé para wong gedhé sing
ngerèh Israèl, bangsa sing gedhé iki,
kowé sing padha dadi paran pitakonané
wong sing padha mbutuhaké pitulungan!

2 Padha menyanga Kalné lan titinen.
Banjur menyanga Hamat, kutha gedhé
kuwi, nuli menyanga Gat, kuthané wong
Filistin. Apa kutha-kutha kuwi luwih
becik ketimbang karo kraton Yéhuda
utawa kraton Israèl? Apa daérahé luwih
jembar ketimbang karo daérahmu?
3 Kowé ora gelem ngakoni yèn kowé
bakal ketekan kasangsaran, nanging
penggawému kuwi mung nggelisaké
tekané dina mau.
4 Saiba bakal cilakamu, kowé sing
kulina lèyèh-lèyèh ana ing peturon
méwah lan mangan bestik daging pedhèt
lan cempé!
5 Kowé seneng nganggit nyanyian lan
ngunèkaké clempung kaya Dawud.
6 Seneng ngombé anggur ing tuwung
lan nganggo wewangèn sing wangi
banget, nanging ora mreduli rusaké
bangsa Israèl.
7 Mulané kowé bakal sing dhisik dhéwé
kaboyong menyang pembuwangan.
Pésta-péstamu lan enggonmu mangan
énak bakal mandheg.
8 Pangéran Kang Mahakwasa wis
ngélingaké kalawan supaos, "Aku
gething karo Israèl sing angkuh; Aku

sengit karo omah-omahé sing méwah.
Mulané kutha krajané saisiné kabèh
bakal Dakulungaké marang mungsuhé."
9 Yèn ing brayat kono ana wongé
sepuluh, bakal mati kabèh.
10 Seduluré, sing ngurus panguburé
sing padha mati, bakal ngetokaké
mayit-mayité saka omah. Banjur bakal
celuk-celuk, sapa sing isih kari urip ana
ing omah kono, "Apa isih ana wong
menèh kejaba kowé?" Bakal ana swara
sing mangsuli, "Ora ana!" Sedulur mau
banjur bakal kandha, "Wis menenga!
Kita kudu ngati-ati, senajan nyebut
asmané Allah pisan, aja!"
11 Samasa Pangéran wis paring
dhawuh, omah gedhé cilik bakal diremuk
ajur-mumur.
12 Jaran apa negar ana ing gunung
karang? Lan wong apa mluku segara
nganggo sapi? Éwasemono kabeneran
wis kokowahi dadi wisa, lan sing bener
kokdadèkaké luput.
13 Kowé ngumukaké enggonmu wis
nelukaké kutha Lodebar. Kowé kandha,
"Kita wis kuwat lan bisa nelukaké
Karnayim."

14 Pangéran Allah Kang Mahaluhur
piyambak ngandika, "Hé wong Israèl,
Aku bakal nekakaké tentara manca.
Kuwi bakal nindhes kowé saka undhak-
undhakan Hamat ing sisih Lor tekan
Lembah Arabah ing sisih Kidul."

7 1 Aku nampa wahyu saka Pangéran
Kang Mahakwasa. Ing sajroning
wahyu mau aku weruh Gusti Allah
ndhatengaké walang gegolongan yakuwi
sawisé damèn sing kanggo Sang Prabu
dierit lan suket anyar tuwuh menèh.
2 Ing sajroning wahyu kuwi aku
weruh walang-walang mau padha
mangsa sedhéngah tanduran sing ijo
sing ana ing tanah kono. Aku banjur
munjuk marang Pangéran, "Dhuh Allah
Ingkang Mahaluhur, mugi kersa paring
pangapunten dhateng umat Paduka!
Kadospundi sagedipun gesang, jalaran
piyambakipun menika alit, tur ringkih
sanget!"
3 Gusti Allah banjur santun penggalihé,
sarta ngandika, "Apa sing kokdeleng
kuwi bakal ora sida Daktindakaké!"
4 Aku nampa wahyu menèh saka
Pangéran Kang Mahaluhur. Sajroning
wahyu mau aku weruh Panjenengané

tata-tata arep ngukum umaté nganggo
geni. Geni mau ngobong segara gedhé
nganti entèk, lan geniné mrambat arep
ngobong dharatan.
5 Aku banjur munjuk, "Dhuh Allah!
Kadospundi umat Paduka sagedipun
lestantun gesang, jalaran piyambakipun
alit tur ringkih sanget!"
6 Gusti Allah banjur santun penggalihé
sarta ngandika, "Yèn mengkono iki iya
ora bakal kelakon."
7 Aku nampa wahyu menèh saka
Pangéran lan weruh Panjenengané
jumeneng ana ing sisihing témbok, sing
dibangun jejeg, astané ngasta tali sipat
gantung.
8 Panjenenganė ndangu, "Amos, kowé
weruh apa?" Unjukku, "Kawula sumerep
tali sipat gantung." Panjenenganė
banjur ngandika, "Tali sipat gantung
iki Dakagem mbuktèkaké yèn umat-Ku
kaya témbok sing dhoyong. Aku bakal
ora maringi pangapura menèh, sarta
mesthi bakal Dakukum.
9 Panggonan-panggonan sing dienggo
saos kurban déning anak-turuné Iskak
bakal Dakdadèkaké ludhesan. Papan
suciné Israèl bakal karusak kabèh.

Anak-turuné Raja Yérobéam bakal
Dakpatèni kabèh."
10 Amazia, imam ing Bètèl ngaturaké
lapuran marang Yérobéam, raja ing
Israèl, "Amos ngojok-ojoki rakyat
supados nglawan dhateng Panjenengan.
Khotbah-khotbahipun temtu badhé
ngrisak negari menika.
11 Piyambakipun criyos mekaten,
‘Yérobéam bakal mati ing peprangan,
lan umat Israèl bakal kaboyong dadi
tawanan menyang tanah manca.’"
12 Amazia banjur kandha karo Amos
mengkéné, "Hé nabi, cukup seméné
waé! Kowé balia menyang Yéhuda;
khotbaha ing kana, karo njaluka bayaran
pisan.
13 Aja medhar wangsit ana ing kéné
menèh. Iki pasucèné Sang Prabu, candhi
kraton."
14 Amos banjur mangsuli, "Aku dudu
nabi sing medhar wangsit merga mélik
opah. Aku iki pangon lan duwé kebon
ara.
15 Nanging aku ditimbali déning
Pangéran ninggal pegawéanku enggonku
dadi pangon, kadhawuhan medhar
wangsit marang umaté Israèl.

16 Mulané saiki rungokna pangandikané
Pangéran. Kowé akon aku meneng saka
enggonku medhar wangsit nglawan
Israèl.
17 Mulané Pangéran saiki ngandika
marang kowé mengkéné, ‘Somahmu
bakal dadi sundel ing dalan-dalan, lan
anak-anakmu mati ana ing peprangan.
Palemahanmu bakal diedum-edum lan
diwènèhaké marang wong liya. Déné
kowé dhéwé bakal mati ana ing tanahé
wong kapir. Wong Israèl dhéwé mesthi
bakal kasingkiraké saka ing tanahé
dhéwé.’"

8 1 Aku kaparingan wahyu menèh
déning Pangéran. Ing wahyu mau
aku weruh ana kranjang isi woh-wohan.
2 Pangéran ndhangu, "Amos, kowé
weruh apa?" Unjukku, "Kawula sumerep
kranjang isi woh-wohan." Pangandikané
Pangéran, "Umat-Ku Israèl wis tekan
wekasané. Aku ora arep santun
penggalih menèh bab enggon-Ku arep
ngukum Israèl.
3 Ing dina kuwi nyanyian ing kedhaton
bakal dadi pesambat. Ing ngendi-
endi bakal ana jisim kabuwang ing

saenggon-enggon, tanpa ana wong
weruh."
4 Rungokna, hé wong sing ngidak-idak
wong mlarat lan sing arep nyirnakaké
wong miskin saka negara.
5 Kowé ngunandika, "Aku ora sabar
ngentèni rampungé dina-dina riaya,
merga selak arep ngedol gandumku. Dina
Sabbat kuwi gèk suk kapan rampungé;
aku selak ngedol daganganku? Supaya
akèh bathiku, aku arep migunakaké
takeran palsu lan ngowahi timbangan
kanggo ngapusi lengganganku.
6 Gandum sing wis ala bisa payu akèh.
Kita bakal olèh wong miskin sing ora
bisa nyaur utangé, sing saking miskiné
nganti ora bisa mbayar regané trumpah
sepasang. Wong mau banjur kita tuku
dadi batur-tukon."
7 Pangéran Allahé Israèl wis supaos,
"Aku bakal ora nyupèkaké pialamu ing
selawasé.
8 Aku bakal nekakaké lindhu, nganti
wong sanegara bakal padha nandhang
sangsara. Sanegara bakal gemeter
kabèh; bakal mumbul lan ambles kaya
Bengawan Nil.

9 Aku bakal nekakaké grahana
srengéngé, nganti buminé ing wayah
awan bakal dadi peteng. Mengkono
pangandikané Pangéran Kang Mahaluhur.
10 Dina-dina riaya bakal Dakdadèkaké
dinané wong kepatèn, lan nyanyian
kabungahan bakal Dakdadèkaké
patangisan. Kowé bakal Dakpeksa
nyukur rambutmu lan nganggo bagor,
lan kowé bakal padha nangis kaya wong
tuwa sing sambat-sambat nangisi patiné
anaké ontang-anting. Ing dina kuwi
bakal kebak kasusahan nganti tekan
wekasané."
11 Pangandikané Pangéran Kang
Mahaluhur mengkéné, "‘Bakal tekan
wektuné Aku nekakaké paceklik ing
negara kéné. Wong bakal padha
kaliren, nanging ora merga kekurangan
pangan; bakal padha ngelak nanging
ora merga kekurangan banyu, nanging
merga ngelih lan ngorong marang
pangandikané Pangéran.’ Mengkono
pangandikané Pangéran.
12 Wong-wong bakal padha nglembara
saka Lor mengidul, lan saka Wétan
mengulon. Ana ing ngendi-endi bakal

padha nggolèki pangandikané Pangéran,
nanging padha ora olèh.
13 Ing dina kuwi wong nonoman lan
prawan pisan, bakal padha ambruk
merga kasatan.
14 Nanging wong-wong sing padha
nyembah marang brahala ing Samaria
lan padha sumpah, 'Demi déwané Dhan',
utawa sumpah, 'Demi déwané Bèrsyéba'
— bakal padha ambruk lan ora tangi
menèh."
9 1 Aku ndeleng Pangéran jumeneng
ana ing sisihé mesbèh. Panjenengané
paring dhawuh, "Cagak-cagaké Pasucèn
kuwi pucuké penthungen sing seru,
supaya ambyar. Karebèn pethal lan nibani
sirahé wong-wong. Kandhakna yèn umat
bakal Dakpatèni ing peprangan. Ora ana
siji-sijia sing bakal bisa mlayu; ora ana
siji-sijia sing bakal oncat.
2 Senajana mlebu ing jagadé wong
mati pisan, bakal Dakcekel. Senajan ana
sing mènèk tekan langit pisan, bakal
Dakdhunaké.
3 Menawa padha ndhelik ing pucaké
Gunung Karmèl bakal Dakgolèki lan
Dakcekel. Samasa arep nilapaké Aku
lan umpetan ana ing dhasaré segara,

Aku bakal ngutus naga segara nyokot
wong-wong mau.
4 Samasa kaboyong dadi tawanan
déning para mungsuhé, Aku bakal
dhawuh matèni. Wong-wong mau mesthi
bakal Daktumpes, lan ora Daktulungi."
5 Pangéran Kang Mahakwasa banjur
ndumuk bumi, nganti gonjing; kabèh
sing padha manggon ing kono padha
sambat-sambat. Jagadé mumbul lan
mendhak kaya Bengawan Nil.
6 Pangéran yasa dalemé ana ing langit
lan bumi ditutupi nganggo kubah
angkasa. Banyuné segara ditimbali
lan diesokaké ana ing bumi. Asmané
kasebut: Pangéran.
7 Pangéran ngandika mengkéné, "Hé
wong Israèl. Kowé Dakanggep padha
waé karo wong Sudan. Wong Filistin
Daktekakaké saka Kréta, lan wong Siria
saka Kir, kaya enggon-Ku nekakaké
kowé saka Mesir.
8 Aku, Pangéran Kang Mahaluhur
wis ngawasaké dosané kraton Israèl,
lan bakal Daksirnakaké saka bumi.
Nanging ora kabèh turuné Yakub bakal
Daktumpes.

9 Aku bakal paring dhawuh lan
ngoregaké bangsa Israèl kaya gandum
sing diinteri; bakal Dakawut-awut ana
ing antarané bangsa-bangsa, mula
wong sing ora ana gunané padha
Daksingkiraké kabèh.
10 Para wong dosa ing antarané umat-Ku
bakal padha mati ing peprangan, yakuwi
sing padha muni, ‘Gusti Allah ora bakal
nekakaké paukuman marang kita.’"
11 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Bakal ana mangsané Aku mbangun
kratoné Dawud, sing wis kaya omah
bubrah. Bètèngé bakal Dakyasa menèh
kaya mauné.
12 Bangsa Israèl bakal nelukaké
kekarèné tanah Édom lan tanahé
bangsa-bangsa sing biyèn dadi pilihan-
Ku. Mengkono pangandikané Pangéran
Kang Mahakwasa, sing bakal nindakaké
kuwi mau kabèh."
13 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Lah bakal tekan titi-mangsané thukulé
gandum luwih cepet ketimbang karo
sing derep, lan woh anggur luwih cepet
matengé ketimbang karo suwéné gawé
anggur sing diombé. Gunung-gunung
bakal padha nètèsaké anggur legi,

lan punthuk-punthuk bakal metokaké
anggur nganti lubèr.
14 Umat-Ku bakal Dakulihaké menyang
tanahé. Banjur bakal padha mbangun
menèh kutha-kuthané sing dadi
jugrugan, sarta bakal padha manggon
ing kana; ing kono bakal padha yasa
kebon anggur lan ngombé anggur; bakal
padha mbangun kebon woh-wohan lan
padha mangan wohé.
15 Umat-Ku bakal Daktandur ana ing
tanahé dhéwé, sing Dakparingaké
marang wong-wong mau. Lan bakal
padha ora katundhung menèh saka
kono. Mengkono pangandikané Pangéran
Kang Mahakwasa."

Obaja

1 1 Iki ramalané Nabi Obaja:
Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa kanggo Édom mengkéné:
Gusti Allah wis ngutus utusané marang
para bangsa, lan kita wis padha krungu
pangandikané, "Padha tata-tataa! Ayo
padha nglurug perang nglawan Édom!"
2 Pangandikané Pangéran marang
Édom mengkéné, "Kowé bakal Dakgawé
tanpa daya; nganti saben wong bakal
ngrèmèhaké kowé.
3 Atimu sing angkuh kuwi wis
mblondrokaké kowé. Kutha krajanmu
presasat bètèng sing kukuh kaya watu
karang; omahmu dumunung ana ing
pegunungan sing dhuwur, mula kowé
padha mosik ing atimu, ‘Sapa sing bisa
nyèrèd aku medhun ing bumi?’
4 Nanging senajan enggonmu gawé
omah ing papan sing dhuwur kaya
susuhé manuk garudha, nganti kaya ana
ing antarané lintang-lintang, éwasemono
kowé bakal Daksèrèd medhun ing bumi.

5 Maling sing teka ing wayah bengi,
mung njupuk barang sing dibutuhaké.
Wong ngundhuh anggur, rak mesthi ana
sethithik sing kecècèr. Nanging kowé
bakal disapu resik déning para satrumu.
6 Hé turuné Ésau, raja-branamu bakal
dirampog.
7 Kowé bakal digorohi déning para
mitramu, temah kowé bakal katundhung
metu saka tanahmu. Bangsa sing biyèn
urip rukun karo kowé bakal nelukaké lan
njajah marang kowé. Kanca sing biyèn
mangan bebarengan karo kowé, bakal
padha masang kala-jiret kanggo kowé;
malah bakal padha ngrasani kowé,
'Jaréné pinter, lah endi kapinterané?'
8 Bakal kelakon ing dinané Aku
nekakaké paukuman, wongé sing
pinter-pinter bakal Daktumpes bareng
karo kapinterané pisan.
9 Para prejurité Téman bakal padha
giris, lan serdhadhuné Édom bakal mati
kabèh."
10 "Sarèhné kowé wis ngrampog lan
matèni para sedulurmu, yakuwi anak-
turuné Yakub, kowé bakal katumpes lan
nandhang kanisthan ing selawasé.

11 Nalika para mungsuh padha
nggempur gapurané sedulurmu, kowé
mung ngadeg ndeleng saka kadohan.
Mulané pialamu padha waé karo pialané
para wong manca sing padha ngusungi
barang-darbèké wong Yérusalèm, banjur
diedum ing antarané kanca-kancané.
12 Kuduné kowé ora bungah merga
sedulurmu ing Yéhuda padha ngalami
cilaka. Kuduné kowé padha sedhih
nalika sedulurmu padha kélangan entèk-
entèkan. Kuduné kowé ora nggeguyu
sedulurmu sing lagi nandhang sangsara.
13 Kuduné kowé ora kena mlebu ing
gapurané kutha-kuthané umat-Ku, lan
nggeguyu enggoné padha kasangsaran,
sarta njarah-rayah darbèké nalika
sedulurmu ngalami musibah.
14 Kuduné kowé ora ngadeg ana ing
prapatan lan nyekel saben wong sing
mlayu arep oncat. Kuduné wong-wong
mau ora kokulungaké ing tanganė
mungsuh, nalikané sedulurmu nandhang
kasangsaran."
15 Pangandikané Pangéran, "Wis cedhak
wektuné, enggon-Ku ndhawahaké
paukuman marang para bangsa. Hé
Édom, apa sing koktindakaké marang

liyan, kuwi bakal katindakaké marang
kowé. Kowé bakal ngundhuh apa sing
wis koksebar.
16 Umat-Ku bakal ngombé saka
tuwunging paukuman sing pait ana ing
gunung-Ku sing suci. Nanging iya para
bangsa sing ana ing sakiwa-tengené
bakal padha ngombé, malah paukuman
sing kepara luwih abot; kabèh bakal
padha ngombé lan sirna."
17 "Nanging bakal ana sing oncat saka
Sion, lan Gunung Sion bakal dadi papan
sing suci. Turuné Yakub bakal padha
ndarbèki tanah sing pancèn dadi haké.
18 Turuné Yakub lan Yusuf presasat
geni; bakal padha nyirnakaké Édom kaya
geni sing ngobong sisané damèn, sing
wis dibabad ora ana ing sawah. Turuné
Ésau bakal ora ana sing urip.
19 Édom bakal dienggoni déning wong
Yéhuda sing saka sisih Kidul; déné wong
Yéhuda sing saka sakuloné pegunungan
bakal nelukaké wong Filistéa. Wong
Israèl bakal ngenggoni daérahé Éfraim
lan Samaria. Taler Bènyamin bakal
ngebroki Giléad.
20 Wong-wong Israèl sing bali saka
pembuwangan bakal ngebèki tanahé

wong Kenaan nganti tekan Zarfat. Wong-
wong saka Yérusalèm sing kabuwang
ing Sardis bakal padha nelukaké lan
ngenggoni Yéhuda sisih Kidul.
21 Wong-wong Yérusalèm sing padha
menang mau bakal nyerang Édom
didadèkaké jajahané, lan Pangéran
piyambak bakal jumeneng raja."

Yunus

1 [1] Ing sawijining dina Pangéran
ngandika marang Yunus bin Amitai
mengkéné,
[2] "Lungaa menyang Ninewé, kutha sing
gedhé kuwi, lan ana ing kono ngramala.
Aku pirsa gedhéning pialané kutha
kuwi."
[3] Nanging Yunus ora menyang Ninewé,
malah arep lunga menyang Spanyol,
nyingkiri dhawuhé Pangéran. Yunus
budhal menyang Yopé lan ana ing kono
olèh prau sing arep mangkat menyang
Spanyol. Bareng wis mbayar ongkosé
banjur munggah ing prau, bebarengan
karo para penumpang prau mau. Yunus
adoh saka ngarsané Pangéran.
[4] Nanging Gusti Allah banjur nekakaké
prahara ing segara. Saking gedhéné
nganti prau mau kaancam déning
bebaya.
[5] Para kelasi padha wedi banget lan
sambat-sambat njaluk tulung marang
déwa sesembahané dhéwé-dhéwé.
Lan supaya ngurangi bebaya kèrem,

wong-wong banjur padha mbuwangi
momotané prau. Déné Nabi Yunus wis
medhun ing péranganing prau sing
ngisor dhéwé, banjur saré kepati.
6 Nabi Yunus banjur diparani kaptèné
prau, karo matur mengkéné, "Lho,
kénging menapa panjenengan koksaré
kémawon? Kula aturi wungu lan
ndedonga dhateng allah panjenengan
nyuwun pitulunganipun. Saged ugi
tuwuh welasipun dhateng kita lan
milujengaken gesang kita."
7 Para kelasi padha rerasanan, "Ayo
padha gawé undhi, supaya ngerti sapa
sing sejatiné marakaké kita padha
kaancam ing bebaya iki." Banjur padha
gawé undhi lan undhi mau tiba Yunus.
8 Mulané banjur matur marang Nabi
Yunus, "Panjenengan kalepatan menapa?
Panjenengan nglampahi menapa wonten
ing ngriki? Panjenengan saking negari
pundi lan bangsa menapa?"
9 "Kula menika tiyang Ibrani,"
mengkono wangsulané Nabi Yunus.
"Kula ngabekti dhateng Allah ingkang
nitahaken langit, bumi lan seganten."
10 Yunus nyritakaké enggoné mlayu
saka ngarsané Pangéran. Para kelasi

padha wedi banget, banjur matur
marang Nabi Yunus mengkéné, "Tindak
panjenengan menika lepat sanget!"
11 Praharané saya suwé saya mundhak
gedhé. Mulané para kelasi banjur matur
marang Nabi Yunus, "Sekécanipun
kadospundi, panjenengan kedah kula
menapakaken, supados prahara menika
sirep?"
12 Wangsulané Nabi Yunus,
"Prayoginipun kula sampéyan bucal
dhateng seganten kémawon, mangké
praharanipun badhé tumunten sirep.
Sebab menika sedaya rak mergi saking
lepat kula, temah sampéyan ngantos
sami katempuh ing prahara kados
mekaten."
13 Para kelasi ngudi supaya prauné
bisa ndharat, banjur padha ngetog
karosan ndhayung prauné. Nanging
praharané saya mundhak gedhé lan
prauné kompal-kampul ora bisa maju
utawa mundur.
14 Mulané padha ndedonga karo
nyuwara sora, "Dhuh Pangéran, kawula
mugi sampun ngantos Paduka ukum
pejah mergi saking nyawanipun tiyang
menika, awit kedadosan menika

sedaya pinangkanipun saking Paduka
piyambak."
15 Sawisé mengkono Nabi Yunus nuli
dijunjung lan diuncalaké ing segara.
Sanalika praharané banjur sirep.
16 Merga saka kaanan mau wong kabèh
padha wedi banget marang Pangéran,
mula banjur padha nyaosaké kurban lan
janji arep ngabekti marang Pangéran.
17 Pangéran banjur nekakaké iwak
gedhé; iwak mau nguntal Nabi Yunus.
Nabi mau ana ing sajroning wetengé
iwak kuwi lawasé telung dina telung
bengi.

2 1 Ana ing sajroning wetengé iwak
mau Nabi Yunus ndedonga marang
Pangéran Allah mengkéné,
2 "Ing salebeting kasangsaran kawula
sesambat dhateng Paduka, dhuh
Allah, sarta Paduka inggih nunten
paring wangsulan. Saking tengahing
donyanipun tiyang pejah kawula nyuwun
tulung, lan Paduka inggih nunten
miyarsakaken.
3 Kawula Paduka bucal dhateng
panggènan ingkang lebet, ngantos
dumugi ing dhasaring seganten. Kawula
kinepung ing toya, Paduka ndhatengaken

alun lan ombak ageng, sami ngurugi
kawula.
4 Rumaos kawula: Kawula sampun
kasingkiraken saking ngarsa Paduka,
lan mboten badhé sumerep Pedaleman
Paduka malih.
5 Kawula sampun kleleb ing toya lan
badan kawula sekojur sampun teles
sedaya; kawula sampun kapendhem
wonten ing seganten, lan sirah kawula
sampun ginubed déning rumput
seganten.
6 Kawula sampun ambles dumugi
ing dhasaripun gunung-gunung, lan
mlebet ing negari ingkang gapuranipun
kakancing ing selaminipun. Nanging
Paduka, dhuh Allah, sampun ngentas
kawula saking tengahing seganten, mila
kawula gesang.
7 Nalika kawula kraos kados-kados
nyawa kawula sampun badhé ical, kawula
lajeng ndedonga dhateng Paduka, dhuh
Allah, lan saking Pedaleman Paduka
ingkang suci. Paduka miyarsakaken atur
kawula.
8 Tiyang ingkang nyembah dhateng
brahala ingkang tanpa gina, menika
sami nilar kasetyanipun dhateng Paduka.

9 Nanging kawula badhé memuji
ngluhuraken asma Paduka. Paduka
badhé kawula saosi kurban; sarta
kawula badhé ngluwari janji kawula.
Keslametan kuwi asalé saka Pangéran!"
10 Pangéran banjur ndhawuhi iwak
mau, lan Nabi Yunus diwutahaké ana ing
dharatan.

3 1 Gusti Allah banjur ngandika kaping
pindhoné marang Nabi Yunus.
2 Pangandikané, "Lungaa menyang
Ninewé, kutha gedhé kuwi lan wartakna
pangandika sing wis Dakparingaké
marang kowé."
3 Nabi Yunus ngèstokaké pangandikané
Pangéran, banjur budhal menyang
Ninewé, kutha sing jembaré yèn ditrabas
lakon telung dina.
4 Yunus banjur mlebu ing kutha mau, lan
sawisé mlaku sedina muput banjur wiwit
medhar pangandika, "Sajroné patang
puluh dina Ninewé bakal katumpes!"
5 Wong Ninewé ngandel karo
pangandikané Allah mau, mula padha
mutusaké yèn saben wong kudu pasa;
kabèh, gedhé cilik padha nganggo bagor,
kanggo nélakaké yèn padha nlangsani
dosa-dosané.

6 Bareng Sang Prabu ing Ninewé mireng
bab mau kabèh, banjur tedhak saka
dhamparé, nyopot jubahé, nuli ngagem
ageman bagor, sarta nglésod ana ing
awu.
7 Panjenengané banjur ngutus utusan
ngumumaké marang wong Ninewé
kabèh mengkéné, "Iki dhawuhé Sang
Prabu lan para penggedhé abdiné: Aja
ana wong sing mangan apa-apa; ya
sakèhé wong, ya sakèhé sapi lan wedhus
aja padha mangan utawa ngombé.
8 Manungsa lan kéwan kudu padha
nganggo bagor. Lan saben wong kudu
nyenyuwun temenan marang Pangéran
lan kudu ninggal penggawéné sing ala.
9 Muga-muga merga saka mengkono
Pangéran santun penggalihé, lan
murungaké kersané enggoné bakal
nekakaké paukuman, sarta kita bakal
padha ora nemahi mati!"
10 Gusti Allah mirsani apa sing padha
ditindakaké déning wong-wong Ninewé
mau, yakuwi enggoné padha marèni
nindakaké penggawé ala. Mulané
Panjenengané santun penggalihé, ora
sida mbendoni wong Ninewé, kaya sing
wis didhawuhaké.

4 1 Nabi Yunus ora seneng banget karo lelakon mau, mula banjur nepsu.
2 Sarta banjur ndedonga, unjuké, "Dhuh Pangéran, sadèrèngipun bidhal saking griya, kawula rak sampun matur, bilih Paduka mesthi badhé tumindak mekaten? Pramila kawula badhé mlajeng dhateng Spanyol! Kawula mangertos bilih Paduka menika Allah ingkang sipat mirah lan asih-mirma, sabar, welasan, sarta tansah kersa santun penggalih lan mboten lajeng ngukum.
3 Sarèhné mekaten, dhuh Allah, kawula aluwung kapundhuta kémawon. Langkung saé pejah, ketimbang gesang."
4 Paring wangsulané Pangéran, "Enggonmu nepsu kuwi apa maton?"
5 Nabi Yunus banjur metu saka kutha kono, lunga menyang sawétané kutha, banjur lungguh. Ana ing kono Yunus gawé gubug kanggo ngéyub, ngiras ngentèni kepriyé bakal kedadéané kutha Ninewé.
6 Pangéran banjur nukulaké wit sing dhuwuré ngungkuli sirahé Yunus, supaya nabi mau ora kepanasen, lan bisa lungguh ing kono kanthi senenging

atiné. Nabi Yunus bungah banget merga
wit mau.
7 Nanging ésuké, nalika srengéngé arep
mlethèk Gusti Allah dhawuh marang uler
ngrikiti wit mau, nganti wité banjur mati.
8 Bareng srengéngéné wis dhuwur
Gusti Allah nekakaké angin panas saka
Wétan, nganti Nabi Yunus mèh semaput,
merga sirahé kepanasen. Mulané
Yunus kepéngin énggala kapundhut
waé. Kandhané, "Aku luwih becik mati
ketimbang urip."
9 Nanging Gusti Allah ngandika marang
Yunus, "Enggonmu nepsu marang wit
kuwi apa wis maton?" Unjuké Yunus,
"Sampun; cekakipun cekap kanggé
alasan nglampahi pejah!"
10 Pangandikané Pangéran marang
Yunus, "Wit kuwi thukul sajroning wektu
sewengi lan ésuké mati. Wit mau rak ora
kokkapak-kapakaké lan rak dudu kowé
sing nggedhèkaké — éwasemono kowé
nggetuni matiné wit mau.
11 Luwih menèh kutha Ninewé kanggoné
Aku. Apa kutha gedhé kuwi ora kudu
Dakéman. Ing kutha mau bocahé
cilik waé cacahé 120.000, durung
kéwan-kéwané sing iya akèh cacahé?"

Mikha

1 [1] Nalika jamané Yotam, Ahas lan
Hizkia jumeneng raja ing Yéhuda,
Pangéran paring pangandika marang
Nabi Mikha. Nabi Mikha kuwi asalé saka
kutha Morèsyèt. Pangéran medharaké
prekara-prekara iki kabèh marang Mikha
bab Samaria lan Yérusalèm.
[2] Hé para bangsa, padha rungokna; hé
sakèhé wong sing manggon ing bumi,
rungokna! Pangéran Kang Mahakwasa
dadi seksi kanggoné kowé. Rungokna!
Panjenengané ngandika saka Papan Suci
ing swarga.
[3] Pangéran rawuh saka Pedalemané
Kang Suci; Panjenengané bakal
rawuh lan tindak ngambah pucaking
gunung-gunung.
[4] Gunung-gunung banjur bakal lèlèh
kaya malam ana ing geni; banjur mili ing
lembah-lembah, kaya banyu kaesokaké
saka punthuk-punthuk.
[5] Kuwi kabèh bakal klakon merga umat
Israèl wis gawé dosa lan nglawan marang
Allah. Yèn Israèl nglawan kuwi salahé

sapa? Samaria, kutha krajané Israèl
dhéwé! Sapa sing salah, yèn Yéhuda
nyembah brahala? Kuwi Yérusalèm
dhéwé!
6 Mulané Pangéran ngandika, "Samaria
bakal Dakdadèkaké jugrugan ana ing
ara-ara, panggonané wong nandur
anggur. Jugrugané kutha bakal
Dakbuwang menyang lembah, lan
pondhasiné bakal Dakelèr.
7 Brahala-brahalané sing larang regané
bakal Dakgawé ajur-mumur, lan sakèhé
opahané laku nylèwèng karo para sundel
ing papan sing suci bakal Dakobong,
sarta sakèhé reca ukir-ukiran bakal dadi
uwuh ngundhung-undhung. Samaria
migunakaké barang-barang kanggo
sesaji marang déwané kasuburan, lan
saiki para mungsuhé bakal ngusungi
barang-barang mau digawa lunga
kanggo sesaji ing liya panggonan."
8 Nabi Mikha banjur ngandika, "Merga
saka kuwi mau kabèh aku sedhih
lan sesambat. Minangka pretandha
enggonku nandhang sedhih, aku bakal
mlaku tanpa trumpah lan sandhangan.
Aku arep mbaung kaya asu ajag lan
nangis kaya manuk unta.

9 Tatuné Samaria wis ora kena
ditambani, lan Yéhuda iya bakal
nandhang sangsara kaya mengkono.
Karusakan wis tekan gapurané
Yérusalèm, panggonané bangsaku."
10 Mungsuh kita ing Gat aja dikandhani
yèn kita wis mèh kalah; aja nganti katon
yèn kowé nangis. Wong Bèt-Le-Afra,
padha nglosoda ana ing lebu!
11 Hé wong Safir, lungaa menyang
pembuwangan tanpa sandhangan karo
nandhang wirang. Wong Zaaman ora
wani metu saka kuthané. Menawa
krungu tangisé wong Bèt-Haézel, kuwi
tandhané yèn kowé ora kena ngungsi
mrana.
12 Wong Marot padha ngarep-arep
banget anaa pitulungan, merga
Pangéran wis nekakaké karusakan,
mangka kuwi wis saya cedhak karo
Yérusalèm.
13 Hé wong sing padha manggon
ing Lakhis, jaran-jaran padha rakitna
ing kréta-krétaning perang. Kowé wis
niru dosané Israèl, nganti marakaké
Yérusalèm iya gawé dosa.
14 Saikiné, hé wong-wong Yéhuda,
kowé padha pamita karo kutha-kutha

Morèsyèt-Gat. Ratuné Israèl bakal ora
olèh pitulungan saka kutha Akhzib.
15 Hé wong Marésya, kowé bakal
kaulungaké déning Pangéran marang
mungsuh, sing bakal nelukaké
kuthamu. Para penggedhéné Israèl sing
hébat-hébat bakal padha ndhelik ing
guwa-guwa Adulam.
16 Hé wong Yéhuda, cukuren rambutmu
lan nangisana anak-anakmu sing
koktresnani. Dadia gundhul kaya manuk
garudha, merga anak-anakmu bakal
kaboyong menyang pembuwangan.

2 1 Saiba cilakané wong sing karo turon
ngrancang-ngrancang piala! Bareng
wis ésuk rancangan-rancangan mau
samasa ana wektu sing dianggep becik
banjur ditindakaké.
2 Yèn kepéngin nduwèni palemahan,
banjur ngrebut. Yèn kepéngin dhuwèni
omah, banjur nyrobot. Ora ana wong,
brayat lan barang-darbèké sing aman.
3 Mulané Pangéran ngandika, "Aku
ngrancang nekakaké paukuman marang
kowé, lan kowé ora bakal bisa ngoncati.
Kowé bakal nampa karubedan, nganti
kowé wis ora bisa angkuh menèh.

4 Ing dina kuwi wong-wong bakal padha
nyritakaké lelakonmu kanggo pepéling,
lan padha ngucapaké unèn-unèn bab
wong sing semplah kaya kowé: ‘Kita
wis bangkrut babar-pisan! Gusti Allah
wis mundhut palemahan kita, lan
diparingaké marang wong sing nggawa
kita menyang pembuwangan.’"
5 Mulané yèn wis tekan titi-mangsané
palemahan kabalèkaké marang umaté
Allah, kowé bakal ora klebu wong sing
nampa panduman.
6 Wong padha ngandhani aku, "Aja
medhar wangsit menèh. Aja medhar
wangsit bab kuwi. Allah ora bakal gawé
wirang marang kita.
7 Apa kokkira wong Israèl diukum
déning Allah? Apa kokkira Gusti Allah
wis entèk sabaré? Apa Gusti Allah téga
nindakaké sing mengkono kuwi? Apa
Panjenengané ora gawé becik marang
saben wong sing bener lakuné?"
8 Gusti Allah paring wangsulan
mengkéné, "Umat-Ku kokserang kaya
mungsuh. Wong padha bali saka perang,
ngira yèn ana ing omah aman. Jebul
kowé wis ngadhang wong mau, banjur
kokrampog jubahé saka gegeré.

9 Para umat-Ku wadon kokgiring metu
saka omah sing disenengi, lan anak-
anaké kokrampog, mula padha kélangan
berkah peparing-Ku ing selawasé.
10 Ngadega lan mangkata. Ing kéné
wis ora aman menèh. Merga saka
dosa-dosamu, panggonan iki wis dadi
papaning karusakan.
11 Wong-wong iki sing disenengi nabi-
nabi sing dhemen ngapusi lan nasaraké,
sarta kandha, ‘Aku medhar wangsit:
kowé bakal ora kekurangan anggur lan
ombèn-ombèn sing énak-énak.’"
12 Pangandikané Allah menèh
mengkéné, "Nanging kowé bakal padha
Dakklumpukaké dadi siji, iya sakèhé
kekarèné Israèl. Kowé bakal Dakulihaké
kaya wedhus sing bali menyang
kandhangé. Kaya pangonan sing kebak
wedhus, kaya mengkono tanahmu bakal
kebak wong menèh.
13 Gusti Allah bakal mbikak dalané
sarta ngirid wong-wong mau metu saka
pembuwangan. Bakal padha gemrudug
metu saka gapuraning kutha, dadi wong
merdika. Ratuné, yakuwi Gusti Allah
piyambak, bakal ngirid wong-wong mau
metu saka papan kono."

3 1 Hé para penggedhéné Israèl,
rungokna! Kowé kuduné nggatèkaké
keadilan.
2 Éwasemono kowé padha sengit
marang kabecikan lan tresna marang
piala. Umat-Ku padha kokkelèti kulité
lan dagingé kokbesèti saka balungé.
3 Umat-Ku padha kokpangan. Kulité
padha kokbesèt, balungé koktugel-tugel,
nuli kokiris-iris kaya daging sing
koklebokaké ing kwali.
4 Bakal tekan mangsané kowé padha
sambat-sambat marang Pangéran,
nanging ora diwangsuli. Panjenengané
bakal ora miyarsakaké marang
pandongamu, merga kowé wis padha
nglakoni piala.
5 Umat-Ku padha disasaraké déning
nabi-nabi sing njanjèkaké katentreman
marang wong sing ngopahi, lan ngancam
perang karo wong sing ora ngopahi.
Marang nabi-nabi sing mengkono mau
Pangéran ngandika,
6 "Hé para nabi, riwayatmu wis mèh
tamat. Srengéngéné wis angslup
kanggoné kowé. Merga kowé wis padha
nasaraké umat-Ku. Kowé wis ora bakal

nampa wahyu menèh, lan ora bisa
medharaké apa-apa."
7 Wong sing ngramal apa sing bakal
kelakon, bakal padha kisinan merga
ramalané ora kelakon. Mulané nabi-nabi
mau bakal kaasoraké, merga Gusti Allah
ora kersa paring wangsulan marang
wong mau.
8 Nanging mungguh ing aku, Pangéran
wis ngebaki aku srana Roh lan
pangwasané lan maringi aku rasa
keadilan lan kekendelan melèhaké wong
Israèl bab dosa-dosané.
9 Padha ngrungokna tembungku, hé
para penggedhéné umat Israèl, ya kowé
sing padha sengit karo keadilan lan
nggawé barang lenceng dadi béngkong.
10 Kowé mbangun Yérusalèm, kuthané
Allah, kokdhasari pepati lan panganiaya.
11 Para penggedhé enggoné ngerèh
rakyat supaya olèh beselan. Mengkono
uga para imam padha mulang bab Torèt
merga dibayar. Para nabi padha medhar
wangsit merga nampa dhuwit. Lan wong
kabèh padha ngaku yèn Gusti Allah
nunggil karo wong mau. Padha muni,
"Kita ora bakal kena paukuman, merga
Allah nunggil karo kita."

12 Mulané, ya merga saka kowé, Sion
bakal diluku kaya tegalan lan Yérusalèm
didadèkaké jugrugan, sarta Pedalemané
Allah bakal dadi alas.

4 1 Mbésuk gunung sing didegi
Pedalemané Allah kuwi bakal
dadi dhuwur dhéwé ketimbang karo
gunung-gunung liyané. Bangsa-bangsa
bakal padha gemrudug mrono.
2 Wong-wong mau bakal padha
kandha mengkéné, "Ayo padha
munggah menyang gunungé Pangéran,
menyang Pasucèné Allahé Israèl. Sebab
Panjenengané bakal nedahaké bab
kersané sing kudu kita lakoni. Supaya
kita padha mlakua ana ing lurung-lurung
sing dipilih kanggo kita. Merga saka
Yérusalèm bakal ana pituduh; lan saka
Sion Pangéran bakal ngandika marang
kita."
3 Panjenengané bakal ngadili para
bangsa, lan jumeneng dadi wasit
tumraping bangsa-bangsa sing gedhé,
sing manggoné cedhak utawa adoh.
Pedhang-pedhangé bakal padha
digemblèng dadi kajèn[a] lan tumbak-
tumbaké dadi arit. Para bangsa ora bakal

---

[a]kajèn: landheping luku.

padha perang menèh, lan wong-wong
bakal padha ora nganakaké latihan
perang.
4 Angger wong bakal urip kanthi
tentrem, ngadhepi kebon anggur lan
keboné anjir dhéwé-dhéwé, sarta ora
ana prekara sing diwedèni. Pangéran,
Allah Kang Mahakwasa sing janji
mengkono.
5 Saben bangsa ing bumi iki nyembah
lan ngabekti marang déwané. Nanging
kita bakal ngabekti marang Pangéran,
Allah kita ing salawasé.
6 Pangandikané Pangéran, "Dinané
wis cedhak, Aku bakal nglumpukaké
wong-wong sing Dakukum dadi siji,
yakuwi sing padha nandhang sangsara
ana ing pembuwangan.
7 Wong mau padha pincang, mangka
adoh saka tanahé. Nanging kekarèné
wong-wong mau bakal Dakbangun dadi
bangsa anyar sing gedhé. Aku, Pangéran
Allahé, bakal jumeneng dadi ratuné ana
ing Gunung Sion, wiwit saiki nganti ing
selawas-lawasé."
8 Lan saka kutha Yérusalèm, Gusti Allah
bakal ngreksa umaté kaya pangon,

sebab Yérusalèm bakal bali dadi kutha
krajanmu menèh.
9 Yagéné kowé sesambat seru? Yagéné
kowé nglarani kaya wong wadon sing
arep babaran? Apa merga kowé padha
ora duwé ratu, lan para penggedhému
padha mati?
10 Hé wong Yérusalèm, padha
sesambata lan ngadhuh-adhuha kaya
wong wadon sing arep babaran,
sebab saiki kowé kudu metu saka kutha
menyang pedésan. Kowé bakal kaboyong
menyang tanah Babil, nanging ana ing
kana Pangéran bakal ngluwari kowé saka
tangané para mungsuhmu.
11 Akèh bangsa padha nglumpuk arep
nyerang kowé, kandhané, "Yérusalèm
kudu diremuk! Kutha kuwi dadèkna
jugrugan!"
12 Nanging bangsa-bangsa iki ora padha
ngerti sing dadi rancanganė Allah. Ora
padha ngerti yèn enggoné kaklumpukaké
dadi siji kuwi merga arep ditumpes,
kaya gandum sing diklumpukaké ana ing
penggilingan.
13 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Hé wong Yérusalèm, padha metua,
tumpesen mungsuh-mungsuhmu! Kowé

bakal Dakgawé rosa kaya sapi lanang
sing sunguné wesi, lan sirahé kaya
tembaga. Mula kowé bakal ngremuk
bangsa akèh, lan raja-brana akèh saka
enggoné njarah-rayah bakal koksaosaké
marang Aku, Pangérané langit lan bumi."
5 1 (4-14) Hé wong Yérusalèm,
nyuwuna pitulungan marang
Pangéran! Kita padha dikepung! Wong-
wong kuwi padha nyerang pemimpiné
Israèl!
2 (5-1) Pangandikané Pangéran, "Hé
Bètléhèm Éfrata, kowé kuwi kutha cilik
ing tanah Yéhuda, nanging saka kono
Aku bakal nekakaké ratu kanggo Israèl,
sing sarasilahé kawiwitan ing jaman
kuna mula."
3 (5-2) Mulané Pangéran bakal
négakaké umaté dijajah déning
mungsuh-mungsuhé nganti tekan
wektuné wong wadon sing pinesthi
nglairaké calon-ratu mau wis klakon
mbabar putrané kakung. Sawisé
mengkono kekarèné seduluré sing ana
ing pembuwangan bakal padha bali
nunggal karo umaté dhéwé.
4 (5-3) Sang Ratu mau samasa
rawuh bakal ngerèh rakyaté nganggo

pangwasané Pangéran lan kalawan kaluhurané Allah piyambak. Umat kagunganė bakal manggon kanthi tentrem, merga wong ing salumahing bumi padha ngakoni kaluhurané Sang Prabu, lan Panjenengané bakal nekakaké katentreman.
5 (5-4) Samasa Asyur nyerbu negara kita lan mbedhah témbok kita, kita bakal nekakaké prejurit-prejurit pilihan nanggulangi mungsuh mau. Asyur banjur bakal ditelukaké nganggo pedhang, lan saterusé njaga supaya aja nganti negara kita kena diserbu déning Asyur menèh.
6 (5-5) (5:5)
7 (5-6) Kekarèné Israèl sing isih urip bakal kautus déning Pangéran kaya ebun sing nyegeraké bangsa akèh, kaya udan sing nyiram tanduran. Israèl bakal ngendelaké marang Pangéran, ora marang manungsa.
8 (5-7) Kekarèné bangsa-bangsa sing isih urip bakal kaya singa golèk pangan ana ing alas-alas lan ing pangonan; yèn wis mlebu, banjur nubruki lan wedhusé disempal-sempal, mula ora ana pengarep-arep bisa oncat.

9 (5-8) Israèl bakal nelukaké mungsuh-
mungsuhé sarta disirnakaké.
10 (5-9) Pangandikané Pangéran
mengkéné, "Ing wektu kuwi jaran-
jaranmu lan krétamu perang bakal
Dakpundhut lan Daksirnakaké.
11 (5-10) Kutha-kutha ing negaramu
bakal Daksirnakaké lan bètèng-
bètèngmu Dakbubrahi.
12 (5-11) Japa mantramu lan jimat-
jimat bakal Daksirnakaké; kowé bakal
ora ngendelaké ramalané nujum utawa
tukang ramal.
13 (5-12) Recamu ukir-ukiran lan
tugu-tugumu suci bakal Dakgempur,
sarta kowé bakal ora nyembah brahala
gawéané tanganmu dhéwé.
14 (5-13) Reca-recané Déwa Asyéra
ing tanahmu bakal Dakrubuhaké lan
kutha-kuthamu bakal Daktumpes tapis.
15 (5-14) Aku bakal males sakèhing
bangsa sing padha ora ngèstokaké
dhawuh-Ku nganggo paukuman."

6 1 Rungokna gugatané Pangéran
kanggo Israèl. Dhuh Pangéran,
mugi kersa jumeneng lan ngajengaken
gugatan Paduka kanggé Israèl, supados

gunung-gunung lan punthuk-punthuk
sami mireng.
2 Hé gunung-gunung, pondhasiné
bumi sing langgeng, padha ngrungokna
gugatané Pangéran! Pangéran nggugat
umaté, lan mrekarakaké Israèl.
3 Pangandikané Pangéran, "Umat-Ku!
Aku wis nindakaké apa kanggo kowé?
Apa aku ngebot-eboti kowé? Ngunjukna
wangsulan.
4 Kowé Dakirid metu saka tanah Mesir,
kowé Dakluwari saka enggonmu dadi
batur-tukon. Aku ngutus Musa, Harun
lan Miryam nuntun kowé.
5 Élinga marang apa sing dirancang
déning Balak raja ing Moab kanggo kowé,
lan wangsulané Biléam bin Béor. Élinga
marang lelakon wiwit saka Lebak Sitim
tekan Gilgal, supaya kowé ngakonana
pendamel-pendamelé Pangéran kanggo
nylametaké kowé."
6 Aku nyaosi apa marang Pangéran,
Allah ing langit lan bumi, samasa aku
sowan sujud marang Panjenengané? Apa
pedhèt sing becik dhéwé kanggo kurban
obongan konjuk marang Panjenengané?
7 Apa Pangéran rena penggalihé yèn
aku nyaosaké wedhus éwon lan lenga

zaitun sing mili kaya kali? Apa arep
dakcaosi kurban anakku sing mbarep,
minangka panebusing dosa-dosaku?
8 Ora! Pangéran wis ngandika apa
sing becik kagem Panjenengané.
Pepundhutané marang kita kuwi
mengkéné: penggawé sing adil,
nandukaké katresnan lan andhap-asor
ing pesrawungan karo Panjenengané.
9 Pangabekti marang Pangéran kuwi
kawicaksanan sing sejati. Panjenengané
ngandika marang wong sing padha
manggon ing kutha, "Rungokna, hé kowé
sing padha manggon ana ing kutha!
10 Ing omahé wong ala ana tumpukan
raja-brana sing asalé saka tumindak
ala. Wong-wong mau padha migunakaké
ukuran lan takeran palsu sing banget
Daksengiti.
11 Aku rak ora bisa ngapura wong sing
padha migunakaké timbangan palsu
utawa bandhul timbangan sing goroh?
12 Hé, kowé wong sugih sing padha
dhemen ngapusi.
13 Merga saka dosa-dosamu kowé wiwit
saiki Dakajar.
14 Kowé bakal mangan, nanging ora
krasa wareg, lan pancèn, kowé bakal

tansah krasa luwé. Kowé bakal njupuki
barang rupa-rupa, nanging ora bisa
nyimpen. Apa sing koksimpen mau bakal
Daksirnakaké ing peprangan.
15 Kowé bakal nyebar gandum, nanging
ora bakal ngenèni. Kowé bakal mipit
lenga saka woh zaitun, nanging ora bisa
migunakaké. Kowé bakal gawé anggur,
nanging ora ngombé.
16 Kuwi kabèh bakal kelakon, merga
kowé wis padha nganut prenatan ala
sing ditetepaké déning Raja Omri lan
Raja Ahab, anaké. Kowé padha nerusaké
netepi prenatan-prenatan mau, mulané
kowé bakal Daktumpes, nganti kowé
bakal dadi poyokané saben wong.
Lan anaa ing ngendi waé kowé bakal
dianggep wong sing ora kanggo."

7 1 Cilaka temenan! Aku kaya wong
kaliren sing golèk woh-wohan sing
kari ana wit anggur, nanging ora nemu
apa-apa. Sakèhé woh anggur lan woh
ara wis entèk diundhuhi kabèh.
2 Ing tanah kéné wongé mursid wis
entèk, wis ora ana wong sing setya
marang Allah. Angger wong ngentèni
wektu bisané matèni pepadhané. Siji

lan sijiné padha gentèn ngarah patiné
seduluré dhéwé.
3 Padha ahli nindakaké piala. Penggedhé
lan hakim padha ngarah besel. Para
penggedhé gawé putusan manut karepé
dhéwé lan gawé rancangan bebarengan.
4 Senajan wong sing dianggep becik lan
jujur dhéwé ing antarané wong-wong
mau, kuwi ora ana ajiné, ora béda
kaya grumbul lateng.[b] Wis tekan
wektuné wong-wong mau padha diukum
déning Pangéran, kaya pepéling sing
diwedharaké déning para nabiné.
Wong-wong mau banjur padha bingung.
5 Aja padha ngandel karo tanggamu,
lan aja precaya karo kanca. Enggonmu
caturan sing ngati-ati, senajan karo
bojomu dhéwé.
6 Ing wektu kuwi anak lanang bakal
nganggep bapakné wong bodho, anak
wadon bakal nglawan ibuné, lan mantu
wadon nglawan ibuné mara tuwa; sing
dadi mungsuh yakuwi wong-wong sing
tunggal saomah.
7 Nanging pengarep-arep kita
marang Gusti Allah kanthi yakin, yèn
Panjenengané bakal midhangetaké

---

[b]lateng: tetuwuhan ronipun nggateli.

pandonga kita sarta bakal nylametaké
kita.
8 Para mungsuh kita aja nganti seneng
ndeleng kita nandhang sangsara. Kita
pancèn wis padha tiba, nanging banjur
tangi menèh. Saiki kita padha ana
ing pepeteng, nanging Pangéran bakal
paring pepadhang marang kita.
9 Kita wis padha gawé dosa marang
Pangéran, mulané ing sawetara wektu
kita kudu ngrasakaké paukumané.
Nanging wekasané Panjenengané bakal
ngampingi kita. Panjenengané bakal
nuntun kita menyang pepadhang; kita
bakal padha urip lan nyipati pitulungané
Allah marang kita.
10 Ing kono para mungsuh kita bakal
padha kwirangan — yakuwi wong-wong
sing biyèn padha memoyok, "Ana ing
ngendi Pangéran, Allahmu?" Kita bakal
nyipati ambruké wong-wong mau,
enggoné diidak-idak kaya blethok ana
ing dalan.
11 Hé wong Yérusalèm, wis tekan titi-
mangsané mbangun témbok-témbokmu.
Ing wektu kuwi daérahmu bakal
kajembaraké.

12 Wong-wongmu bakal padha bali
menèh, saka ngendi-endi. Saka Asyur
ing Wétan, saka Mesir ing Kidul, saka
daérah Éfrat, saka segara-segara lan
gunung-gunung sing adoh.
13 Nanging bumi bakal dadi cengkar
merga saka pialané wong-wong sing
padha manggon ing kono.
14 Dhuh Pangéran, mugi kersa ngengèn
umat Paduka, inggih umat pilihan
Paduka piyambak. Senajan sami
manggèn pating prenca wonten ing
ara-ara samun, selaminipun badhé
manggih siti ingkang subur ing sakiwa-
tengenipun. Sami kagiringa dhateng
pangènan ing Basan lan ing Giléad
ingkang kathah rumputipun, supados
sami saged nedha tuwuk, kados ing
jaman rumiyin.
15 Dhuh Pangéran, mugi Paduka
ngetingalaken kaélokan-kaélokan
dhateng kawula kados ing jamanipun
Paduka ngirid kawula medal saking
tanah Mesir.
16 Bangsa-bangsa badhé sami sumerep
sarta sami kisinan, senajan sami gadhah
kekiyatan ageng. Tiyang-tiyang wau

badhé semplah manahipun lan sami
nutupi cangkem lan kupingipun.
17 Sami badhé glimpangan wonten ing
siti kados sawer, sarta sami medal saking
bètèng-bètèngipun, kalayan ajrih lan
gemeter. Tiyang-tiyang wau badhé sami
mratobat dhateng Pangéran, Allah kita.
18 Dhuh Allah, mboten wonten Allah
ingkang kados Paduka. Paduka paring
pangapunten dhateng dosa-dosanipun
umat Paduka, ingkang taksih gesang.
Mboten selaminipun Paduka mbendoni,
malah Paduka rena nandukaken
sih-kamirahan dhateng umat Paduka.
19 Paduka badhé melasi kawula sepisan
malih. Dosa-dosa kawula badhé Paduka
idak-idak lan Paduka bucal ing tengahing
seganten!
20 Paduka badhé ngetingalaken sih
Paduka ingkang langgeng dhateng umat
Paduka, anak-turunipun Abraham lan
Yakub, kados ingkang sampun Paduka
janjèkaken kalayan supaos wiwit ing
jaman kina!

Nahum

1 [1] Iki pangandikané Pangéran bab
Ninewé, sing kawangsitaké marang
Nabi Nahum, wong Èlkosy.
[2] Pangéran Allah kuwi ora kersa
ditandhingi; sapa sing nglawan
Panjenengané mesthi diukum, sarta
diwales srana paukumané.
[3] Gusti Allah ora gampang duka,
nanging mahakwasa lan wong sing
kaluputan ora bakal bébas saka ing
paukuman. Samasa Pangéran miyos,
ing kono bakal ana prahara; mendhung,
kuwi lebuning sampéyané!
[4] Atas saka dhawuhé, segara dadi
garing! Kali-kali dadi asat, pangonan-
pangonan ing Basan padha alum.
Gunung Karmèl rupané dadi soklat, lan
kembang-kembang ing Libanon dadi
alum.
[5] Lindhu ing pegunungan kuwi nélakaké
yèn Pangéran ana ing kono; punthuk-
punthuk padha lèlèh ing ngarsané.
Buminé geter samasa Pangéran rawuh
ing kono; bumi sarta sakèhé wong sing

manggon ing kono padha ketaman ing
giris.
6 Yèn Pangéran duka, sapa sing bisa
lestari urip? Sapa sing tahan nadhahi
bebenduné sing nggegirisi? Paukumané
sing mulad-mulad diesokaké, gunung
karang nganti padha jugrug.
7 Pangéran kuwi becik, asih lan welasan;
wong mursid padha direksa ing mangsa
karubedan; wong sing mratobat lan
bali menyang Panjenengané padha
digematèni.
8 Para mungsuhé ditumpes tapis kaya
kéntir ing banjir bandhang. Wong sing
nglawan Panjenengané dijabut nyawané.
9 Apa kowé ngrancang nindakaké piala
marang Pangéran? Kowé bakal ditumpes
déning Panjenengané! Ora ana wong
sing nglawan Panjenengané senajan
mung sepisan, isih lestari urip.
10 Kaya eri bebundhetan lan damèn
garing, mengkono enggonmu bakal
kaobong nganti sirna.
11 Ana wong teka saka Ninewé,
sing ngrancang arep nindakaké piala
rupa-rupa marang Pangéran.
12 Pangéran banjur ngandika mengkéné
marang umaté, "Senajan wong Asyur

kuwi gedhé pangwasané lan akèh
cacahé, éwasemono bakal katumpes
sirna babar-pisan. Hé umat-Ku, kowé wis
Dakgawé sangsara, nanging ora bakal
Dakpindhoni menèh.
13 Aku bakal mungkasi pangwasané
Asyur enggoné njajah kowé, lan medhot
blenggu sing mbanda kowé."
14 Mengkéné dhawuhé Pangéran tumrap
Asyur, "Asyur bakal ora duwé turun
sing nganggo jenengé dhéwé. Recané
ukir-ukiran sing ana ing kuil-kuilé, Aku
bakal nyawisaké kuburané, merga wong
Asyur ora pantes lestari urip!"
15 Delengen, ana utusan teka medhun
saka pegunungan, nggawa kabar sing
becik! Tekané wong mau martakaké
kemenangan! Wong-wong ing Yéhuda,
padha nganakna kraméan lan luwarana
janjimu karo Pangéran. Wong-wong
ala kuwi bakal ora ngenggoni tanahmu
menèh, merga wis padha tumpes tapis!
2 1 Ninewé, kowé saiki lagi diserang!
Kekuwatan sing arep ngrusak kowé
wis teka! Bètèng-bètèngmu sèlèhana
wong jaga! Jaganen dalan-dalanmu!
Tata-tataa ngadhepi peprangan!

2 (Pangéran wis cepak-cepak arep
mbangun kaluhurané Israèlmenèh,
kadadèkaké kaya biyèn sadurungé
dirampog déning mungsuh.)
3 Tentarané mungsuh padha nggawa
tamèng abang, lan nganggo pakéan
seragam abang. Wis padha samekta
arep nyerang! Kréta-krétané perang
mengkilat kaya geni! Jaran-jarané padha
selak ora sabar!
4 Krétané perang padha mbalap
bolak-balik ing dalan-dalan menyang
alun-alun, abyor kaya obor lan gesit
kaya thathit.
5 Para perwira wis padha diabani;
nanging bareng maju padha kesandhung.
Énggal-énggal padha nyerbu bètèng,
banjur masang piranti sing kanggo
njebol gapura.
6 Lawanging gapura sing cedhak kali wis
jebol; wong-wong ing kedhaton padha
giris.
7 Sang pramèswari dicekel kadadèkaké
tawanan; para abdiné wadon padha
sesambat kaya manuk dara, karo
tebah-tebah dhadha merga saka susahé.
8 Kaya carané banyu saka bendungan
sing jebol wong padha gemrudug metu

saka Ninewé! Ana swara sing bengok-
bengok, "Mandhega! Mandhega!"
Nanging ora ana sing mandheg lan bali.
9 Padha ngrayaha slaka! Padha
ngrayaha emas! Kutha iki kebak
raja-brana!
10 Ninewé wis dadi gempuran, suwung
lan sepi mamring! Atiné wong saka
wediné presasat lèlèh; dhengkul-
dhengkul padha gemeter. Kekuwatan wis
ilang babar-pisan, wong kabèh padha
pucet tanpa cahya.
11 Ninewé wis ora katon kutha, malah
wis kaya guwa panggonané singa!
Panggonané singa enom padha disusoni;
senajan singa lanang lan singa wadon
padha lunga, anak-anaké ditinggal,
éwasemono aman.
12 Singané olèh mangsan, banjur
disempal-sempal, diwènèhaké marang
sing wadon lan anak-anaké. Guwané
dikebaki mangsan.
13 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika,
"Aku iki mungsuhmu. Kréta-krétamu
bakal Dakobong, tentaramu bakal mati
ing peprangan, lan barang-barang
olèh-olèhané enggonmu nyolong saka
wong liya, bakal Dakpundhut kabèh.

Pangwasamu ing jagad bakal ora kocap
menèh."

3

1 Cilaka kutha sing isiné mung goroh
lan gawé pati, kutha sing sugih
raja-brana kuwi bakal dijarah-rayah
nganti gusis!
2 Rungokna cumethèring pecut, lan
gemlèdhèging rodha, swaraning jaran
mlayu sesanderan, lan kréta perang
pating krengkot.
3 Serdhadhu jaranan padha nyerbu,
pedhang-pedhang pating clèrèt,
tumbak-tumbak pating clorot! Jisim
tumpuk-undhung, wong mati nganti ora
kena diétung, marakaké wong padha
kesandhung!
4 Ninewé, si sundel kuwi saiki nampa
paukumané. Bangsa-bangsa biyèn
padha kepéncut merga saka éndahing
rupané sing nengsemaké, nanging
banjur didadèkaké batur-tukoné.
5 Pangéran kang mahasuci ngandika,
"Hé, Ninewé, kowé bakal Dakukum!
Kowé bakal Dakwudani, Dakdadèkaké
tontonané para bangsa, nganti kowé
bakal kwirangan.

6 Kowé bakal Dakasoraké, lan badanmu
Dakebyuki kotoran. Wong bakal ndeleng
kowé karo giris.
7 Sing sapa weruh bakal mlayu lunga,
karo kandha, ‘Saiki Ninewé wis dadi
jugrugan! Sapa sing isih seneng
nyawang? Sapa sing arep nglipur?’"
8 Ninewé, apa kowé luwih becik
ketimbang karo Tébé, kutha krajan
Mesir? Tébé iya ana kaliné kanggo
ngayomi kaya témbok. Bengawan Nil
kuwi dadi bètèngé.
9 Tébé kuwi ngerèh Sudan lan Mesir.
Pangwasané tanpa wates. Libia dadi
kanca sekuthoné.
10 Éwasemono wong sing padha
manggon ing Tébé padha ditawan lan
saiki manggon ana ing pembuwangan.
Anak-anaké padha dipatèni ana ing
prapatan-prapatan. Para penggedhéné
padha dibanda déning para mungsuhé.
11 Ninewé, iya kowé bakal padha
mendem lan tanpa daya! Kowé iya bakal
padha ngudi bisané oncat saka tanganè
mungsuhmu.
12 Nanging bètèng-bètèngmu bakal
kaya wit anjir sing wohé wis tuwa. Yèn

wit mau dierog, wohé padha tiba pas ing
cangkemé sing ngerog!
13 Tentara-tentaramu mau kaya wong
wadon, lan negaramu presasat menga
ana ing ngarepé mungsuhmu. Rujiné
lawanging gapura-gapuramu bakal entèk
kobong dimangsa déning geni.
14 Padha nyepakna banyu, sebab kowé
bakal dikepung. Bètèng-bètèngmu
sentosakna! Padha ngidak-idaka lemah
lempung kanggo gawé bata, banjur
énggal-énggal cithaken!
15 Nanging senajan kaya apa polahmu,
kowé bakal diobong urip-uripan nganti
mati, utawa dipatèni ing peprangan.
Kowé bakal kasapu resik, kaya gandum
sing dimangsa déning walang. Enggonmu
tangkar-tumangkar kaya walang!
16 Wongmu sing laku dagang cacahé
ngluwihi cacahé lintang ing langit!
Nanging saiki wis entèk sirna kabèh,
kaya walang sing mabur lunga.
17 Para penggedhému kaya walang
gegolongan sing padha ménclok témbok
ing mangsa atis. Nanging bareng
srengéngéné jumedhul banjur padha
mabur lunga, lan ora ana wong sing
ngerti menyang endi parané!

18 Hé ratuné wong Asyur!
Pepréntahanmu wis tamat, lan
para penggedhému wis padha turu
selawas-lawasé! Wong-wongmu padha
kasebar ing gunung-gunung, lan ora ana
sing bakal ngulihaké menèh.
19 Tatu-tatumu ora ana tambané, lan
ora bakal mari. Saben wong sing krungu
kabaré karusakanmu bakal padha
keplok-keplok saka bungahé, sebab ora
ana wong sing bisa ngoncati ambek
siyamu.

Habakuk

1 [1] Wangsité Pangéran sing
kaparingaké marang Nabi Habakuk
mengkéné,
[2] "Dhuh Pangéran, taksih pinten
dangunipun kawula kedah sesambat
nyuwun pitulungan, supados Paduka
kersa miyarsakaken, lajeng ngluwari
kawula saking panganiaya?
[3] Menapa ginanipun Paduka nedahaken
piawon dhateng kawula? Kénging
menapa Paduka kersa mirsani lan
Paduka kèndelaken kémawon piawon
ingkang semanten agengipun?
Pangrisak lan pangrodha-peksa ingkang
ngepung kawula, sarta ing pundi-pundi
wontenipun namung congkrah lan tukar
paben kémawon.
[4] Prenatan sampun mboten gadhah
daya kekiyatan, mila mboten wonten
ginanipun. Ingkang sami nindakaken
piawon kawontenanipun langkung
saé ketimbang kaliyan tiyang mursid,
ngantos keadilan presasat kawalik."

5 Pangéran nuli paring wangsulan
marang umaté mengkéné, "Padha
nitènana bangsa-bangsa sing ana ing
sakiwa-tengenmu, lan kowé bakal padha
gumun. Aku bakal nindakaké prekara
sing kowé mesthi ora ngandel.
6 Bangsa Babil sing ambek siya lan
trengginas bakal Dakdamel gedhé
pangwasané. Nganti banjur padha
ndlajahi bumi nelukaké bangsa-bangsa
liya.
7 Ing ngendi-endi padha nekakaké
pagiris lan panganiaya, lan saka angkuhé
nganti nganggep yèn wong mau sing
wenang netepaké keadilan.
8 Jaran-jarané luwih rikat ketimbang
karo macan tutul, luwih ambek
siya ketimbang karo asu ajag sing
luwé. Tentaranė jaranan tekané saka
panggonan adoh, jarané nyakar-nyakar
lemah. Tekané ngebyuk kaya garudha
sing nyamber mangsané.
9 Tentaranė padha nglurug, perangé
saya maju nelukaké bangsa-bangsa
kanthi panganiaya, lan saben wong sing
ditekani mesthi giris.
10 Para raja padha dipoyoki lan para
penggedhé padha digeguyu. Cacahé

wong sing ditawan akèhé presasat wedhiné segara. Ora ana bètèng sing keconggah nadhahi seranganė. Sebab bètèngé diurugi lemah, banjur diserbu.
11 Panyerbuné kaya angin lésus, banjur lunga ngilang menèh. Kaya mengkono wong-wong mau ngegungaké kekuwatané."
12 Dhuh Pangéran, wiwit-wiwitan mila Paduka menika jumeneng Allah. Paduka menika Allah kawula, suci saha langgeng, inggih Allah ingkang ngreksa kawula. Paduka sampun milih bangsa Babil, kadamel kiyat, supados sami saged ngukum kawula.
13 Nanging kawula mboten mudheng déné ing ngatasipun Paduka menika mahasuci, koktahan mirsani tiyang-tiyang ingkang seneng goroh lan damel piawon menika? Ing ngatasipun paningal Paduka menika mahasuci, koktegel kèndel kémawon mirsani pendamel awon ingkang semanten agengipun. Kénging menapa Paduka kèndel kémawon menawi tiyang Babil sami mejahi tiyang-tiyang ingkang langkung mursid ketimbang kaliyan piyambakipun?

14 Kadospundi déné Paduka matrapi
manungsa kados dhateng ulam ing
seganten utawi kados iber-iberan
gegolongan tanpa pepréntahan?
15 Tiyang Babil sami nyepeng tiyang
mawi pancing kados nyepeng ulam,
sami dipun klempakaken mawi
jaring, lajeng sami giyak-giyak margi
angsal-angsalanipun njaring kathah!
16 Tiyang-tiyang menika sami nyembah
jaring-jaringipun, sarta sami dipun
sajèni, margi jaring-jaring wau
ngangsalaken barang-barang ingkang
ageng pengaosipun.
17 Menapa tiyang Babil ing selaminipun
badhé migunakaken pedhangipun, saha
terus kémawon numpes bangsa-bangsa
kalayan ambek siya.

2 1 Aku dakmunggah ing
pangungakanku lan ngentèni
dhawuhé Pangéran minangka
wangsulané pesambatku.
2 Pangéran paring wangsulan
mengkéné, "Tulisen sing cetha ana ing
papan sing Dakparingaké marang kowé,
supaya gampang diwaca déning saben
wong.

3 Tulisen dhisik, sebab durung tekan titi-
mangsané kelakon. Nanging kelakoné
bakal ora suwé menèh, lan apa sing
Daktedahaké marang kowé bakal énggal
kelakon. Katoné kelakoné mau alon-alon,
nanging entènana waé; sebab prekara
kuwi mesthi bakal kelakon, ora diundur
lan ora dibatalaké.
4 Wosing wangsit kuwi mengkéné,
‘Wong ala bakal ora lestari urip, nanging
wong mursid bakal urip merga saka
precayané marang Allah.’"
5 Kasugihan kuwi kanggo ngakali. Wong
srakah kuwi angkuh lan ngangsa-angsa.
Kaya pati iya ora wareg-wareg, yakuwi
sebabé enggoné ora lèrèn-lèrèn nelukaké
bangsa-bangsa. Rampung siji banjur
sijiné, padha didadèkaké kawulané lan
dirèmèhaké.
6 Bangsa-bangsa sing ditelukaké mau
bakal padha moyoki bangsa Babil lan
ngétokaké enggoné ngrèmèhaké. Bakal
padha muni, "Kowé padha njupuki
barang-barang sing dudu duwèkmu,
mulané kowé bakal kena ing paukuman!
Nganti pira lawasé enggonmu arep
nyugihaké awakmu dhéwé srana meksa

wong-wong sing nggadhèkaké barangé
marang kowé supaya nglunasi utangé?"
7 Nanging tanpa kanyana kowé
sing nelukaké bangsa-bangsa, bakal
duwé utang dhéwé lan bakal kepeksa
mbayar utangmu nganggo anakan sing
akèh. Kowé bakal ketekan mungsuh-
mungsuh akèh, mula kowé bakal
gemeter! Kuwi bakal padha ngrampog
barang-darbèkmu!
8 Kowé wis ngrampog bangsa pirang-
pirang, saiki kekarèné bangsa-bangsa
mau sing isih padha urip, bakal gentèn
ngrampog kowé, merga kowé wis matèni
wong akèh lan merga saka tindakmu
sing ambek siya marang wong-wong
sajagad lan marang kutha-kuthané.
9 Saiki kowé nampa paukuman! Sebab
kowé wis nyugihaké brayatmu srana
ngrampog lan meksa, nanging omahmu
dhéwé arep kokgawé aman, luwar saka
bebaya!
10 Nanging rancanganmu wis gawé
wirang marang brayatmu. Kowé
wis numpes bangsa akèh, mangka
penggawému kuwi nekakaké karusakan
marang kowé.

11 Watu-watu ing bètèngmu padha
nggugat kowé lan usuk-usuké omahmu
iya padha sesambat.
12 Kowé wis tampa paukuman! Kowé
wis ngedegaké kutha sing kokdhasari
panganiaya lan kokbangun nganggo
matèni wong akèh.
13 Bangsa-bangsa sing koktelukaké
padha nyambut-gawé ora ngétung
sayah, lan apa sing padha dibangun
mau wekasané mung dadi pakané geni.
Pangéran Allah Kang Mahakwasa sing
nindakaké kuwi mau kabèh.
14 Nanging bumi bakal kebak kawruh
bab kamulyané Pangéran, kaya déné
segara enggoné kebak banyu.
15 Kowé kena ing laknat! Sajroning
nepsumu kowé wis gawé wirang marang
wong-wong ing kiwa-tengenmu. Padha
kokgawé sempoyongan kaya wong
mendem.
16 Mulané kowé dhéwé bakal digawé
wirang lan ora kajèn. Kowé dhéwé
bakal ngombé lan sempoyongan.
Pangéran bakal paring kowé ngombé
saka tuwungmu dhéwé, tuwunging
paukuman. Sarta kaurmatanmu bakal
diwalik dadi kanisthan.

17 Kowé wis negori wit-witané alas
Libanon, saiki kowé gentèn bakal
kategor. Kéwan-kéwané padha
kokpatèni, saiki kéwan-kéwan mau
bakal nekakaké pagiris marang kowé.
Iki kabèh merga saka enggonmu gawé
pepati lan tumindakmu sing ambek siya
marang wong-wong ing bumi lan marang
kutha-kuthané.
18 Brahala reca ukir-ukiran kuwi gunané
apa? Apa kuwi dudu gawéaning tangané
manungsa, lan kuwi kabèh apa ora
mung apus-apusan? Kuwi nekakaké
kabecikan apa kanggoné sing gawé lan
sing precaya? Allah sing nyuwara waé
ora bisa!
19 Mulané kowé kena ing laknat!
Merga kowé wis kandha karo kayu,
"Panjenengan mugi kersa wungu!" lan
kandha karo watu, "Panjenengan mugi
kersa wungu!" Apa reca ukir-ukiran mau
bisa medhar wangsit kanggo kowé?
Pancèn reca-reca mau kablongsong ing
emas lan slaka, nanging ing njeroné ora
ana rohé babar-pisan!
20 Nanging Pangéran lenggah ing
Pedalemané Kang Suci. Hé salumahing
bumi, padha menenga ana ing ngarsané!

3 1 Nabi Habakuk ndedonga, surasané
mengkéné:
2 "Dhuh Allah, kawula sampun
mireng bab pakaryan ingkang Paduka
tindakaken, ngantos manah kawula
kepranan sanget. Pakaryan kaélokan
ing jaman kepengker menika mugi
Paduka wontenaken malih ing jaman
samenika. Ing salebeting duka, mugi
kersaa ngèngeti kanthi kawelasan!"
3 Gusti Allah rawuh menèh saka Édom.
Kang Mahasuci rawuh menèh saka
gunung-gunung ing Paran. Kamulyané
nutupi sakèhé langit; lan bumi kebak
pepujian kagem Panjenenganė.
4 Rawuhé ngagem cahya kaya cahyaning
kilat; pepadhang nylorot saka astané,
sing ngregem pangwasa.
5 Pageblug ndhisiki tindaké lan pepati
ngiringaké ing wingkingé.
6 Menawa Panjenganė mandheg, bumi
banjur gonjing; para bangsa padha
gemeter samasa dipandeng déning
paningalé. Gunung-gunung sing wis
ana wiwit kuna mula padha remuk, lan
punthuk-punthuk sing selawasé ora tau
gingsir saka panggonané padha ambles,

nalika Panjenengané dhèk jaman kuna
tindak miyos kono.
7 Aku weruh wong Kusyan padha wedi,
lan wong Midian padha gemeter.
8 Menapa lèpèn-lèpèn menika ingkang
ndhatengakaken paukuman Paduka, dhuh
Pangéran? Menapa seganten menika
ingkang njalari Paduka duka? Paduka
nitih méga; mendhunging prahara
Paduka titihi minangka kréta, nalika
Paduka ndhatengakaken kemenangan
dhateng umat kagungan Paduka.
9 Gendhéwa Paduka sampun Paduka
penthang, sampun Paduka pasangi
panah. Bumi Paduka belah krana
bledhèg.
10 Samasa ningali Paduka, gunung-
gunung lajeng sami gemeter, toya
lajeng gumrojog kados kaesokaken
saking langit. Toya ing sangandhapipun
bumi lajeng nyuwanten gemuruh, sarta
ombak-ombakipun mumbul ngantos
inggil.
11 Nalika panah Paduka kalepas
ngedalaken sorot, sarta nalika tumbak
Paduka cumlorot, surya lan rembulan
sami kèndel ing papanipun.

12 Kanthi duka Paduka tindak ndlajahi
bumi, para bangsa sami Paduka iles-iles
nandhang sangsara.
13 Paduka miyos prelu mitulungi umat
Paduka, sarta milujengaken Ratu pilihan
Paduka. Para pengagengipun tiyang
duraka sami Paduka remuk, lan para
penganutipun Paduka awut-awut.
14 Panah-panah Paduka nembus
dhadhané komandhanipun tentara,
nalika sami dhateng ngebyuk kados
prahara ingkang badhé ngremuk kawula.
Lan ing salebeting manah sami remen
ningali kasisahan kawula, kados tiyang
ingkang kalayan sidheman nindhes
tiyang miskin.
15 Seganten Paduka iles-iles mawi
kapal-kapal ingkang Paduka titihi,
ngantos toyanipun ingkang ngédab-
édabi menika nglumpuk.
16 Krungu swara kuwi mau kabèh aku
ndhredheg, lambéku gemeter merga
saka wedi. Awakku sekojur lemes,
lan sikilku théklok ora bisa ngadeg.
Éwasemono aku arep ngentèni kanthi
ayem tekaning dina paukuman, sing
ditekakaké déning Allah marang sakèhé

wong sing padha nyerang marang
bangsaku.
17 Senajan wit anjir ora metokaké woh
lan wit anggur semono uga, senajan
wit zaitun ora ngasilaké lenga, sarta
palemahan ora ngasilaké gandum,
wedhus-wedhus ing kandhang padha
mati, apa menèh kéwan ing kandhang
wis entèk kabèh.
18 Aku meksa bakal surak-surak lan
bungah-bungah, merga Pangéran kuwi
Allah lan Juru Slametku.
19 Pangéran sing maringi kekuwatan
marang aku. Sikilku digawé kukuh kaya
sikiling menjangan, lan aku direksa
keslametanku ana ing punthuk-punthuk.

Zefanya

1 [1] Wangsité Pangéran sing
kaparingaké marang Zéfanya
nalika Yosia bin Amon jumeneng raja ing
Yéhuda. (Nabi Zéfanya kuwi turuné Sang
Prabu Hizkia, Hizkia peputra Amarya,
Amarya peputra Gedalya, Gedalya
peputra Kusy, Kusy peputra Zéfanya.)
[2] Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Aku bakal nyingkiraké samubarang sing
ana ing bumi,
[3] sakèhé manungsa lan kéwan, manuk
lan iwak. Aku bakal numpes sakèhé
wong ala, numpes manungsa kabèh,
nganti ora ana sing kliwatan. Mengkono
pangandikané Pangéran.
[4] Aku bakal ngukum wong Yérusalèm
lan wong Yéhuda kabèh. Apa waé sing
ana gepok-sénggolé karo Baal bakal
Dakgempur nganti tapis, semono uga
sakèhé imamé Baal bakal Daksirnakaké,
supaya jenengé ora diéling-éling menèh.
[5] Iya bakal Daktumpes sakèhé wong
sing padha munggah ing payon lan
nyembah marang srengéngé, rembulan

lan lintang-lintang. Semono uga bakal
Daktumpes wong sing padha ngabekti
marang Aku lan setya marang Aku,
nanging banjur iya wani sumpah atas
jenengé Déwa Molokh.
6 Kejaba kuwi iya bakal Daktumpes
sakèhé wong sing padha nyingkur lan
ninggal Aku, yakuwi wong-wong sing
padha ora ngabekti lan ora nyuwun
pituduh marang Aku."
7 Dinané Pangéran wis cedhak; ing
dina kuwi Pangéran bakal ndhawahaké
paukumané; mulané padha menenga
ana ing ngarsané. Pangéran wis tata-tata
arep nandangi umaté, kaya wong
nyembelèh kéwan kanggo kurban.
8 Pangandikané, "Ing dina
panyembelèhan mau Aku bakal
ngukum para penggedhé, para putra
raja, lan sakèhé wong sing nyembah
brahala manca.
9 Aku bakal ngukum sakèhé wong sing
ngabekti manut carané wong kapir, sing
padha nyolong lan nematèni supaya
bisa ngebaki omahé bendarané nganggo
barang colongan."
10 Pangandikané Pangéran, "Ing dina
kuwi kowé bakal krungu swarané

tangis ing Gapura Iwak ing Yérusalèm.
Ing péranganing kutha anyar kono
kowé bakal krungu pesambat, lan ing
gunung-gunung bakal keprungu swarané
punthuk-punthuk sing padha jugrug.
11 Yèn kowé sing padha manggon ing
pérangané kutha sing ngisor krungu
sambat lan tangis, ngertia yèn para
sudagar wis padha mati kabèh!
12 Ing dina kuwi Aku bakal mundhut
lampu, banjur nggledhah kutha
Yérusalèm. Aku bakal ngukum wong sing
marem karo uripé dhéwé, sing batiné
kandha, ‘Pangéran ora bakal ngaruhaké
ngéné utawa ngono.’
13 Bandhané bakal dijarah-rayah lan
omahé digempur dadi jugrugan. Bakal
ora ngenggoni omah sing dibangun, lan
ngombé anggur saka kebon anggur sing
digarap."
14 Dinané Pangéran wis cedhak, malah
wis cedhak banget lan tekané kanthi
rerikatan! Dina mau bakal nekakaké
kasusahan akèh, sarta para serdhadhu
sing kendel pisan bakal padha nangis
saka semplahing atiné!
15 Dina kuwi dinaning paukuman,
dinaning karubedan lan kasedhihan,

dinaning karusakan, pepeteng lan
kaanan sing surem. Dinaning mendhung
sing peteng ireng nggegirisi,
16 dina sing kebak swaraning slomprèt
lan bengoké serdhadhu sing padha
perang nyerbu bètèng-bètèngé kutha lan
menara-menara pangungakan.
17 Pangéran ngandika mengkéné,
"Karubedan sing Daktekakaké marang
manungsa kuwi semono gedhéné nganti
wong bakal padha gagap-gagap kaya
wong wuta. Sebab wong-wong mau wis
padha gawé dosa marang Aku, mulané
saiki getihé bakal kawutahaké kaya
banyu, lan jisimé bakal padha bosok ana
ing lemah."
18 Ing dinané Pangéran kuwi
Panjenengané bakal ngetingalaké
bebenduné, mula emas lan slakané bakal
ora bisa mitulungi apa-apa. Salumahing
bumi bakal katumpes déning mulading
dukané Pangéran. Panjenengané bakal
ngendhegaké tanpa kanyana-nyana
sakèhing kumelip sing urip ana ing bumi.

2 1 Hé para bangsa sing padha ora
duwé isin, padha élinga
2 sadurungé kowé padha alum lan
mati kaya kembang! Élinga sadurungé

paukumané Pangéran sing ngalad-
alad nekani kowé, ya sadurungé
Panjenengané ngetingalaké dukané.
3 Padha mratobata marang Pangéran
hé sakèhé umaté sing andhap-asor ing
ati lan ngèstokaké dhawuhé. Nindakna
kabeneran lan ngasorna awakmu ana
ing ngarsané Pangéran. Mbokmenawa
kowé kepareng oncat saka paukuman,
iya ing dinané Pangéran ngetingalaké
paukumané.
4 Bakal ora ana wong siji-sijia sing
kari ana ing kutha Gaza. Askelon bakal
suwung, ditinggal lunga rakyaté. Wong
sing padha manggon ing Asdod bakal
katundhung metu ing wayah awan, lan
wong Ékron iya bakal katundhung saka
kuthané.
5 Kowé hé wong Filistin, kowé wis
diukum, ya sakèhé wong sing padha
manggon ing pesisir. Pangéran bakal
ndhawahaké paukuman marang kowé.
Kowé bakal katumpes, nganti ora ana
wong siji-sijia sing kari.
6 Daérah ing sapinggiring segara
bakal dadi pangonan lan didegi gubugé
para pangon lan kandhang-kandhang
wedhusé.

7 Wong Yéhuda sing isih padha urip
bakal ngenggoni tanahmu, bakal padha
angon wedhusé ana ing kono lan padha
turu ana ing tilas omah-omahé wong
Askelon. Pangéran Allahé bakal nunggal
karo wong-wong mau, nganti bakal
padha makmur menèh.
8 Pangéran Allah Kang Mahakwasa
ngandika mengkéné, "Aku mireng yèn
wong Moab lan wong Amon padha
ngala-ala lan ngina marang umat-Ku,
lan padha sumbar yèn bakal nelukaké
tanahé.
9 Demi Aku iki Allahé Israèl kang
gesang, Moab lan Amon bakal
Daktumpes kaya Sodom lan Gomora.
Panggonan kono bakal dadi panggonané
wong gawé uyah lan selawas-lawasé
dadi jugrugan sing kurugan thethukulan
eri lan lateng. Umat-Ku sing isih urip
bakal padha njarah rayah panggonan
mau lan ngebèki lemahé."
10 Wong-wong Moab lan Amon
bakal diukum merga enggoné umuk
lan angkuhé, apa déné enggoné
ngina marang umaté Pangéran Kang
Mahakwasa.

11 Sabanjuré sakèhing bangsa bakal
ngabekti marang Pangéran ana ing
negarané dhéwé-dhéwé.
12 Semono uga wong Sudan bakal
padha katumpes tapis.
13 Pangéran bakal ngagem pangwasané
kanggo numpes Asyur. Kutha Ninewé
bakal kadadèkaké jugrugan sing sepi,
dadi ara-ara samun sing tanpa banyu.
14 Panggonan kono bakal dadi pangonan
wedhus lan papan pengasoané sato
kéwan rupa-rupa. Manuk beluk bakal
manggon ing jugrugan kono lan
manggung ing jendhélané. Manuk gagak
bakal padha kaok-kaok ana ing undhak-
undhakané omah. Blabag-blabag kayu
èrès ing omah-omah bakal dicopoti.
15 Mengkono bakal kedadéané kutha
sing ngegung-egungaké kekuwatané lan
rumangsa wis sentosa. Wong-wongé
padha rumangsa yèn kuthané sing gedhé
dhéwé ing salumahé bumi. Saiba bakal
sepiné panggonan mau, merga bakal
dadi panggonané sato kéwan padha
ngaso! Saben wong sing liwat bakal
padha kekes atiné merga saka wedi.

3 1 Yérusalèm sing bejat lan nglawan,
sarta nganiaya marang wong-wongé

dhéwé, bakal tampa paukumané
Pangéran.
2 Yérusalèm ora gelem ngrungokaké
lan mbangun-turut marang Pangéran.
Ora suméndhé lan ngendelaké Pangéran
sarta nyuwun pitulungané.
3 Para penggedhéné kuwi presasat singa
sing gero-gero, para hakimé presasat
asu ajag sing keluwèn, saka srakahé
bakal ora ninggal balung nganti ésuk.
4 Para nabiné ora duwé rasa tanggung
jawab lan ora kena diprecaya. Para
imamé najisaké samubarang sing
suci, sarta napsiraké dhawuhé Allah
sasenengé atiné dhéwé.
5 Nanging Gusti Allah isih ana ing
kutha kono. Panjenengané nindakaké
kabeneran lan keadilan, ora naté damel
kaluputan. Saben ésuk tanpa kendhat
Panjenengané nekakaké keadilan
marang umat kagungané. Éwasemono
wong sing padha ala isih nerusaké
enggoné gawé dosa tanpa duwé isin.
6 Pangandikané Pangéran, "Aku wis
numpes bangsa akèh. Kutha-kuthané,
témbok-témboké apa déné menara-
menarané dadi gempuran. Kutha-kutha
lan dalan-dalané dadi sepi.

7 Pangira-Ku, umat-Ku saiki mesthi
ngurmati Aku lan nggatèkaké dhawuh-
Ku. Mesthiné padha éling marang
piwulang-Ku." Nyatané malah saya
banget pamblasaré.
8 Pangandikané Pangéran, "Entènana,
bakal tekan mangsané, Aku jumeneng
lan nggugat para bangsa. Aku wis
mutusaké, bakal nglumpukaké para
bangsa lan kraton, bakal Daktedahi
sepira kekuwatané paukuman-Ku.
Salumahing bumi kabèh bakal
Daksirnakaké nganggo genining
paukuman-Ku.
9 Sawisé mengkono para bangsa bakal
Daksantuni, mula bakal padha ndedonga
marang Aku lan ora marang allah liyané.
Kabèh bakal padha mbangun-turut
marang Aku.
10 Senajan adoh lan pating slebar ana
ing Sudan umat-Ku bakal padha saos
kurban marang Aku.
11 Ing dina kuwi kowé ora bakal
nandhang kwirangan awit saka sakèhé
pokalmu sing ala marang aku. Saben
wong sing angkuh lan gemedhé bakal
Daksingkiraké, lan kowé ora bakal

nglawan menèh marang Aku ana ing
gunung-Ku sing suci.
12 Aku bakal ngèngèh umat sing
andhap-asor lan lembah ing ati, sing
padha gelem sowan nyuwun pitulungan
marang Aku.
13 Umat Israèl sing isih bakal padha
urip rukun, ora padha akal-akalan sarta
ora goroh-ginorohan. Mula bakal padha
nandhang kalubèran lan katentreman."
14 Hé umat Israèl, padha menyanyia
kanthi bungah! Hé Yérusalèm, padha
bungaha sakatogmu!
15 Pangéran wis ora ngukum kowé
menèh; sakèhé mungsuhmu wis
disingkiraké. Pangéran Ratuné Israèl wis
nunggil karo kowé, saiki kowé ora susah
wedi.
16 Bakal tekan wektuné wong padha
kandha karo Yérusalèm, "Hé kutha Sion,
aja wedi! Tanganmu aja nglokro.
17 Pangéran Allah ana ing tengahmu;
pangwasané nekakaké kamenangan
marang kowé. Pangéran rena penggalihé
ing ngatasé kowé, merga saka sihé,
kowé padha kaparingan urip anyar.
18 Kaya atiné wong sing lagi pésta."
Pangandikané Pangéran, "Aku wis mari

enggon-Ku duka lan ngukum, sarta
sakèhé kanisthan wis Daksingkiraké.
19 Bakal tekan wektuné Aku
ndhawahaké paukuman, marang
para wong sing padha nganiaya
kowé. Sakèhé wong sing kaboyong
ing pembuwangan bakal Dakulihaké,
lan wong lumpuh bakal Dakluwari.
Kanisthané bakal Daksantuni kaluhuran,
lan wong salumahé bumi bakal
ngalembana.
20 Bakal tekan wektuné, wong-wongmu
sing pating slebar bakal Dakulihaké. Lan
jenengmu bakal Dakgawé misuwur ing
salumahing bumi, mengkono uga kowé
bakal Dakparingi luwar!" Mengkono
pangandikané Pangéran.

Hagai

1 [1] Nalika Sang Prabu Dharius enggoné
jumeneng ratu nyandhak rong taun,
ing dina kapisan, sasi kaping nem,
Pangéran ngandika lantaran Nabi Hagai.
Pangandika mau katujokaké marang
Zérubabel bin Séaltièl, gubernur ing
Yéhuda, lan marang Imam Agung Yosua
bin Yozadak.
[2] Pangandikané Pangéran marang
Hagai mengkéné, "Wong-wong kuwi
padha kandha yèn saiki durung wektuné
mbangun Pedalemané Allah."
[3] Pangéran banjur paring dhawuh
marang wong kabèh lantaran Nabi Hagai
mengkéné,
[4] "Hé umat-Ku, yagéné kowé padha
manggon ing omah-omah sing méwah,
mangka Pedaleman-Ku isih rupa
jugrugan.
[5] Apa kowé padha ora nitèni lelakon
sing kokalami?
[6] Kowé padha nyebar gandum akèh,
nanging panènmu mung sethithik.
Kowé duwé pangan, nanging ora wareg

kokpangan. Kowé duwé anggur, nanging
ora cukup kokombé nganti marem! Kowé
padha nyandhang, nanging awakmu ora
nganti anget. Wong sing buruh opahané
ora cukup dipangan.
7 Apa kowé ngerti apa sebabé kuwi mau
kabèh?
8 Mulané padha munggaha ing gunung-
gunung, golèka kayu; Pedalemané Allah
bangunen. Supaya penggalih-Ku dadi
rena lan Aku bakal dibektèni kaya sing
samesthiné.
9 Kowé padha kepéngin supaya
panènmu metu akèh, jebul wetuné
mung sethithik. Mangka yèn panènmu
kokgawa mulih banjur Daksebul, sirna.
Apa sebabé? Merga Pedaleman-Ku isih
rupa jugrugan, lan kowé padha ribut
yasa omahmu dhéwé-dhéwé.
10 Mulané ora ana udan lan ora ana
tetuwuhan sing thukul.
11 Aku sing nekakaké ketiga ngerak ing
tanah kéné, ing gunung-gunungé, ing
sawah-sawahé, ing kebon anggguré lan
ing keboné woh-wohan, marang saben
pametuné bumi, manungsa lan kéwan,
lan samubarang sing koktandur."

12 Zérubabel lan Yosua sarta wong-
wong sing bali saka pembuwangan ing
tanah Babil banjur padha nindakaké
apa sadhawuhé Pangéran, merga padha
wedi, mula banjur ngèstokaké dhawuhé
Nabi Hagai, utusané Pangéran.
13 Nabi Hagai banjur nglantaraké
dhawuhé Pangéran mengkéné, "Aku
janji, yèn Aku bakal nunggal karo kowé."
14 Pangéran nggigah semangaté
saben wong, supaya padha mbangun
Pedalemané Allah, kayata: Zérubabel,
gubernur, Imam Agung Yosua lan wong
kabèh sing bali saka pembuwangan.
Wong kabèh mau banjur padha miwiti
nyambut-gawé mbangun Pedalemané
Pangéran, Allah Kang Mahakwasa.
15 Ing dina kaping patlikur, sasi kanem,
taun kapindhoné Dharius jumeneng raja.

2 1 Ing dina kaping selikur, sasi kapitu
taun kuwi uga Pangéran ngandika
menèh lantaran Nabi Hagai.
2 Nabi Hagai kadhawuhan nglantaraké
dhawuh marang Zérubabel, gubernur ing
Yéhuda, marang Imam Agung Yosua, lan
marang rakyat kabèh, mengkéné,
3 "Apa ana ing antaramu sing isih
kèlingan karo kaéndahané Pedalemané

Allah sing dhisik? Lan kepriyé kaanané
saiki? Rak ora imbang babar-pisan?
4 Nanging aja padha cilik atimu. Padha
giata enggonmu nyambut-gawé, sebab
Aku nunggil karo kowé.
5 Nalika Aku ngirid kowé metu saka
tanah Mesir Aku wis janji yèn bakal
nunggal karo kowé ing selawasé. Tekan
sepréné Aku isih nunggal karo kowé,
mulané aja wedi.
6 Ora suwé menèh Aku bakal ngoregaké
langit lan bumi, segara lan dharatan.
7 Sakèhé bangsa bakal digawa
mréné, lan Pedaleman iki bakal kebak
raja-brana.
8 Sakèhé slaka lan emas sajagad kuwi
kagungan-Ku.
9 Pedaleman-Ku sing anyar bakal luwih
éndah ketimbang karo sing lawas, lan
ana ing Pedaleman kono Aku bakal paring
karaharjan lan katentreman marang
umat-Ku." Mengkono pangandikané
Pangéran Kang Mahakwasa.
10 Ing dina kaping patlikur, sasi
kaping sanga, taun kapindhoné jamané
Sang Prabu Dharius, Pangéran Kang
Mahakwasa ngandika menèh marang
Nabi Hagai.

11 Dhawuhé, "Coba takona karo para
imam, kepriyé ukumé prekara sing
mengkéné iki:
12 Saupama ana wong njupuk daging
suci saka kurban, banjur dilebokaké
ing lempitaning jubahé. Yèn jubahé
mau nggepok roti, panganan ratengan,
anggur, lenga zaitun utawa sedhéngah
apa sing kena dipangan, apa sing
kagepok iya dadi suci?" Wangsulané para
imam, "Mboten."
13 Pangandikané Nabi Hagai menèh,
"Saupami wonten tiyang ingkang najis
mergi nggepok jisim, lajeng nggepok
tetedhan wau, menapa tetedhan wau
lajeng dados najis?" Wangsulané para
imam, "Inggih."
14 Nabi Hagai banjur ngandika,
"Pangéran ngandika, bilih kados
mekaten ugi tumrap umat menika,
lan tumrap sakathahing pendameling
tanganipun, sarta sakathahing kurban
ingkang sami dipun saosaken wonten
ing mesbèh, menika sedaya najis."
15 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Apa kowé ngerti kaanan sing kokalami?
Nalika kowé durung miwiti mbangun
Pedaleman-Ku?

16 Kowé arep nutu gandum sing
kokkira olèh-olèhané bisa nyandhak
rong atus kilogram, jebul mung metu
satus kilogram. Koksengguh genthong
anggurmu ana isiné satus liter, jebul
anané mung patang puluh liter.
17 Aku nekakaké angin panas lan
udan ès kanggo ngrusak tanduranmu,
éwasemono kowé ora padha mratobat.
18 Saiki dina kaping patlikur, sasi kaping
sanga, pondhasiné Pedaleman-Ku wis
rampung. Titènana apa sing wiwit dina
iki bakal kelakon.
19 Senajan wis ora ana gandum lan ora
ana anggur, mangka durung mangsané
wit ara, dlima lan zaitun metokaké woh,
éwasemono wiwit dina iki kowé bakal
padha Dakberkahi."
20 Ing dina iki uga, yakuwi tanggal
kaping patlikur, Pangéran paring
pangandika menèh marang Hagai
21 kanggo Zérubabel, gubernur
ing Yéhuda mengkéné, "Aku bakal
ngoregaké langit lan bumi,
22 sarta ngrubuhaké kraton-kraton lan
nyirnakaké pangwasané. Kréta perang
lan sing nunggangi bakal Dakrusak.
Jarané bakal padha mati lan sing

nunggangi bakal padha patèn-patènan
dhéwé.
23 Ing dina kuwi kowé Zérubabel, abdi-
Ku, bakal Dakpundhut lan Dakwisudha
dadi penggedhé sing ngerèh bangsa iki
atas asma-Ku, sebab kowé wis Dakpilih."
Mengkono pangandikané Pangéran.

Zakharia

1 [1] Ing sasi kawolu ing taun kapindho
jamané Dharius jumeneng raja,
Pangéran ngandika marang Nabi
Zakharia bin Bèrékia, putuné Idho
mengkéné,
2 "Aku Pangéran duka banget karo para
leluhurmu.
3 Mulané kandhakna karo umat Israèl,
'Padha mratobata lan sowana Aku.'
4 Kowé aja padha kaya leluhurmu.
Dhèk jaman biyèn para nabi wis padha
medharaké pangandika-Ku sing wosé
mituturi supaya ninggala uripé sing
ala lan aja nerus-nerusaké enggoné
nglakoni dosa. Nanging para leluhurmu
mau padha ora gelem ngrungokaké
dhawuh-Ku lan padha ora ngèstokaké.
5 Para leluhurmu lan para nabi mau
saiki wis padha mati.
6 Lantaran para abdi-Ku, para nabi,
para leluhurmu wis Dakdhawuhi
lan Dakélingaké, nanging padha
ora ngrèwès, mula padha nampa
paukumané. Wusana padha mratobat

lan ngakoni yèn Aku, Pangéran, Allahé
Kang Mahakwasa, sing ngukum kalawan
adil, manut penggawéné."
7 Ing taun kapindho jamané Dharius
jumeneng raja, ing dina kaping patlikur,
sasi ping sewelas (sasi Shébat),
Pangéran paring pangandika ing
sajroning wahyu, ing wayah bengi.
8 Aku weruh ana malaékating Pangéran
nitih jaran abang, mandheg ing antarané
wit jambu keling[a] sing ana ing lembah.
Ing mburiné ana jaran telu sing ulesé
abang, dhawuk lan putih.
9 Aku matur marang malaékat mau,
"Menapa tegesipun kapal-kapal menika
sedaya?" Paring wangsulané, "Aku bakal
nuduhaké apa tegesé kabèh mau!
10 Gusti Allah ngutus jaran-jaran kuwi
ndlajahi bumi lan mriksa kaananané."
11 Jaran-jaran banjur padha lapur
marang malaékat mau mengkéné,
"Kula sampun ndlajahi bumi lan
kawontenanipun sarwa memelas, mergi
wontenipun panindhes."
12 Malaékat mau banjur ngandika,
"Dhuh Allah ingkang mahakwaos.
Yérusalèm lan kitha-kitha ing tanah

---

[a]jambu keling: bangsané jambu.

Yéhuda sepriki sampun pitung dasa
taun laminipun enggèn Paduka ukum.
Ngantos pinten laminipun enggèn
Paduka badhé nindakaken piwales
dhateng Yérusalèm lan kitha-kitha
sanèsipun wau?"
13 Pangéran paring wangsulan marang
malaékat mau nganggo tembung
panglipur,
14 lan malaékat banjur ngandika karo
aku, "Wartakna dhawuhé Pangéran Allah
Kang Mahakwasa mengkéné, ‘Banget
tresna-Ku marang Yérusalèm, kutha-Ku
sing suci, mulané tansah Dakgatèkaké.
15 Nanging Aku ora rena karo bangsa-
bangsa sing rumangsa ayem-tentrem.
Merga nalika Aku ngampet duka-Ku
marang umat-Ku, bangsa-bangsa mau
malah padha gawé aboting sangsarané
umat-Ku.
16 Mulané Aku wangsul menèh menyang
Yérusalèm kanthi sih-kadarman.
Pedaleman-Ku lan kutha kuwi bakal
kabangun menèh.’"
17 Malaékat mau iya dhawuh
ngumumaké mengkéné, "Pangéran
Kang Mahakwasa ngandika yèn kutha-
kutha bakal padha makmur menèh lan

Panjenengané bakal paring pitulungan
marang Yérusalèm, sarta nganggep
kutha kuwi kagungané piyambak."
18 Ana ing wahyu liyané aku ndeleng
ana sungu sapi lanang papat.
19 Aku nyuwun pirsa marang malaékat
sing ngandikan karo aku, "Menapa
maknanipun sungu sekawan menika?"
Paring wangsulané, "Kuwi mrelambangi
pangwasa-pangwasané jagad sing
mbuyaraké wong Yéhuda, wong Israèl
sarta wong Yérusalèm."
20 Pangéran nuli nedahi aku wong papat
nggawa martil.
21 Aku nyuwun pirsa, "Tiyang-tiyang
menika sami badhé nindakaken
menapa?" Paring wangsulané, "Tekané
supaya gawé geteré bangsa-bangsa sing
bakal padha ditumpes merga wis padha
nindhes tanah Yéhuda lan mbuyaraké
wong-wongé."

2

1 Ana ing wahyu liyané aku weruh
ana priya nyekel tali ukuran.
2 Aku banjur takon, "Panjenengan badhé
tindak dhateng pundi?" Wangsulané
wong mau, "Arep ngukur Yérusalèm,
kepéngin weruh pira ambané lan pira
dawané."

3 Malaékat sing ngandikan karo aku
mau banjur majeng, lan ana malaékat
liyané sing methukaké.
4 Malaékat sing kapisan mau ngandika
karo sing methukaké, "Mlayua, nonoman
sing nggawa tali ukuran kaé kandhanana,
yèn merga saka akèhé wong lan kéwan
sing manggon ing Yérusalèm kéné,
kuthané bakal kegedhèn saupama
diubengi bètèng.
5 Pangéran wis janji, yèn Panjenengané
piyambak sing bakal jumeneng dadi
témbok geni ing sakubengé kutha lan
ngreksa kutha mau. Panjenengané bakal
dedalem ana ing kana ngagem sakèhing
kamulyané."
6 Pangandikané Pangéran marang
umat kagunganè, "Kowé wis padha
Dakgawé buyar saenggon-enggon.
Nanging saiki, hé wong sing padha ana
ing pembuwangan, padha metua saka
tanah Babil, balia menyang Yérusalèm.
7 (2:6)
8 Sing sapa nggepok kowé presasat
nggepok maniking mripat-Ku." Pangéran
Kang Mahakwasa ngutus aku martakaké
pangandika mau marang para bangsa

sing biyèn padha njarah-rayah umat
kagunganė. Dhawuhé,
9 "Pangéran piyambak sing bakal perang
nglawan kowé, lan kowé bakal gentèn
dijarah-rayah déning umat sing biyèn
dadi baturmu." Samasa kuwi kelakon,
saben wong bakal ngerti yèn Pangéran
piyambak sing ngutus aku.
10 Pangandikané Pangéran, "Hé wong
sing padha manggon ing Yérusalèm,
padha surak-suraka! Aku bakal dedalem
ana ing tengahmu!"
11 Ing mangsa kuwi bakal akèh bangsa
sing padha sowan ing ngarsané Pangéran
sarta dadi umaté. Panjenenganė bakal
dedalem ana ing tengahmu, lan kowé
bakal weruh yèn Panjenenganė sing
ngutus aku marang kowé.
12 Yéhuda bakal dadi umat pilihané
Pangéran menèh ana ing tanahé kang
suci, lan Yérusalèm bakal dadi kutha
sing ditresnani piyambak.
13 Padha menenga, hé saben wong
sing ana ing ngarsané Pangéran, awit
Panjenenganė tedhak saka Pedalemané
Kang Suci.
3 1 Ana ing wahyu liyané Pangéran
nedahaké aku Imam Agung Yosua

jumeneng ing ngarsané Malaékating
Pangéran. Déné Sétan ngadeg jèjèr karo
Yosua, arep nggugat panjenengané.
2 Malaékating Pangéran ngandika
marang Sétan, "Hé Sétan, paukumané
Pangéran nekanana kowé. Pangéran
kang ngasihi Yérusalèm ngukum kowé.
Wong iki rak kaya kayu setengkel sing
kasendhal saka geni."
3 Yosua jumeneng ana ing kono,
ngagem ageman reged.
4 Dhawuhé Malaékating Pangéran
marang para sing ngladosi, "Uculana
sandhangané sing reged." Banjur
ngandika marang Yosua, "Dosamu wis
Dakluwari lan kowé bakal Dakparingi
sandhangan sing anyar."
5 Panjenengané banjur ndhawuhi para
abdi supaya Yosua diagemi ageman
anyar ana ing ngarsané Malaékating
Pangéran.
6 Malaékat mau banjur ngandika
marang Yosua, yèn Gusti Allah wis
ngandika mengkéné,
7 "Yèn kowé ngèstokaké dhawuh-
Ku lan nglakoni kuwajiban sing
Dakparingaké marang kowé, kowé
selawasé bakal ngladèni Aku ing

Pedaleman-Ku lan ing platarané. Aku
bakal nggatèkaké pandongamu kaya
enggon-Ku miyarsakaké pandongané
para malaékat sing padha ngadhep ana
ing ngarsa-Ku.
8 Hé Imam Agung Yosua, rungokna,
kowé sing dadi Imam Agung. Lan kowé
para Imam sing padha dadi pembantuné
Yosua, kowé padha dadi pretandha
jaman becik sing bakal kelakon. Aku
bakal ngutus abdi-Ku sing karan ‘Sang
Trubusan!’
9 Aku bakal masang watu adi ing
ngarepé Yosua sing ana matané pitu.
Watu mau bakal Dakukir nganggo
tulisan. Sajroning sedina Aku bakal
ngluwari dosané tanah iki.
10 Ing dina kuwi kowé bakal ngulemi
tangga-teparomu dhéwé-dhéwé ing
omahmu, supaya ngrasakaké nikmaté
katentreman ana ing satengahing kebon
anggur lan kebon ara."
4 1 Malaékat sing ngandikan karo aku
mau rawuh menèh, banjur nggugah
aku carané kaya nggugah wong turu.
2 Pangandikané marang aku, "Kowé
weruh apa?" Unjukku, "Dilah emas.
Ing nginggil wonten wadhahipun lisah.

Dilah menika wonten damaripun pitu,
saben damar ing nginggilipun wonten
torongipun pitu.
3 Ing sisihipun dilah wau wonten witipun
kurma kalih, setunggal ing sisih kiwa lan
setunggalipun ing sisih tengen."
4 Aku banjur munjuk nyuwun pirsa
marang malaékat mau, "Menapa
tegesipun menika sedaya?"
5 Pendanguné marang aku, "Apa kowé
ora ngerti?" Unjukku, "Mboten, kula
mboten mangertos."
6 Malaékat mau ngandika marang aku
yèn Pangéran paring dhawuh marang
Zérubabel mengkéné, "Kowé bakal
menang, ora merga saka akèhé tentara
utawa merga saka kekuwatanmu dhéwé,
nanging merga saka Roh-Ku.
7 Apa waé sing ngalang-alangi kowé
senajan gedhéné sagunung pisan bakal
sumingkir saka ngarepmu. Kowé bakal
mbangun Pedaleman-Ku, lan mengko
yèn kowé masang watu sing pungkasan,
wong-wong bakal padha kandha, ‘Becik
banget, wah apik temenan!’"
8 Ana pangandikané Pangéran liyané
menèh marang aku.

9 Pangandikané, "Zérubabel wis masang pondhasiné Pedaleman-Ku, lan iya sing bakal ngrampungaké. Samasa kuwi kabèh wis kelakon, wong-wong bakal padha ngerti yèn Aku sing ngutus kowé marang wong mau.

10 (4-10a) Wong-wong bakal padha gela, déné majuné rendhet temen. Nanging bakal padha ngerti yèn Zérubabel nerusaké pembanguné Pedaleman-Ku, mula bakal padha bungah." (4-10b) Pangandikané malaékat, "Damar pitu kuwi ibaraté tingalé Allah sing mirsani salumahing bumi."

11 Aku banjur nyuwun pirsa, "Wit kurma kalih ing kiwa lan tengenipun dilah menika tegesipun menapa?

12 Lan menapa tegesipun pang-pangipun wit kurma kalih ingkang jèjèr kaliyan torong emas ingkang kanggé ngisèni lisah dhateng damar menika?"

13 Panjenenganè banjur ndangu, "Apa kowé ora ngerti?" Unjukku, "Mboten, kula mboten mangertos."

14 Paring wangsulané, "Kuwi ngibarataké wong loro sing dipilih déning Allah lan dilantik supaya ngladosi

Panjenengané, Pangéran Gustiné langit
lan bumi."
5 1 Aku banjur ndhangak, banjur weruh
ana Kitab Gulungan kumléyang ing
langit.
2 Malaékat mau ndangu aku, "Kowé
weruh apa?" Unjukku, "Kula sumerep
Kitab Gulungan kumléyang ing langit.
Panjangipun sangang mèter lan
wiyaripun sekawan setengah mèter."
3 Aku banjur dingandikani, "Kitab
Gulungan kuwi isi tulisan bab paukuman
sing bakal nekani satanah kéné kabèh.
Sing sesisih ditulisi sing surasané,
sakèhé maling bakal kasingkiraké saka
tanah kéné; sisih liyané mratélakaké yèn
saben wong sing ngucapaké sumpah
palsu iya bakal kabuwang.
4 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
yèn Panjenengané sing bakal nekakaké
paukuman mau, lan paukumané bakal
mlebu ing omahé saben wong sing
sumpah palsu. Paukuman mau bakal
tetep manggon ana ing kono nganti
omah-omahé dadi jugrugan."
5 Malaékat mau ngetingal menèh,
lan ngandika, "Delengen! Apa sing
kokdeleng?"

6 Unjukku, "Menapa menika?"
Wangsulané, "Kuwi kranjang, sing
ngibarati dosané umat satanah kéné
kabèh."
7 Kranjang mau ana tutupé, kagawé
saka kawat nam-naman. Bareng
daktamat-tamataké, tutup mau
kaangkat lan ing njero kranjang mau
ana wongé wadon lagi lungguh.
8 Pangandikané malaékat mau, "Wong
wadon kuwi ngibarataké piala." Wong
wadon mau banjur diblesekaké ing
kranjang menèh lan tutupé dirapeti.
9 Aku banjur ndhangak lan weruh
wong wadon loro mabur marani aku
nganggo swiwi sing rosané kaya swiwiné
manuk cangak. Banjur padha ngangkat
kranjangé nganggo cucuké, digawa
lunga.
10 Unjukku marang malaékat mau,
"Dipun bekta dhateng pundi kranjang
menika?"
11 Wangsulané, "Menyang Babil, sebab
ing kana bakal padha yasa kuil. Yèn kuil
mau wis rampung kranjang mau bakal
didokok ana ing kono lan disembah."
6 1 Aku kaparingan wahyu menèh.
Nalika semono aku weruh ana kréta

papat metu saka antarané gunung
tembaga loro.
2 Kréta sing kapisan ditarik jaran abang
sarakit, sing kapindho ditarik jaran ireng
sarakit.
3 Kréta sing katelu ditarik jaran putih
sarakit lan sing kapat ditarik jaran
dhawuk sarakit.
4 Aku banjur munjuk nyuwun pirsa,
"Kréta-kréta menika tegesipun menapa?"
5 Wangsulané, "Kuwi ngibarataké
angin papat; kréta-kréta kuwi lagi teka
saka ngarsané Pangéran, Allahé wong
salumahing bumi."
6 Kréta sing ditarik jaran ireng sarakit
mau arep menyang tanah Babil, sing
ditarik jaran-jaran putih arep mengulon,
lan sing ditarik jaran-jaran dhawuk arep
menyang tanah-tanah sisih Kidul.
7 Jaran-jaran dhawuk mau bareng metu
katon enggoné ora sabar, selak arep
mlayu ndlajahi bumi. Pangandikané
malaékat, "Lungaa ndlajahi bumi!"
Banjur padha budhal.
8 Malaékat mau banjur ndhawuhi aku,
"Jaran-jaran sing budhal menyang Babil
kuwi nahan paukumané Pangéran ana
ing tanah Lor kono."

9 Pangéran dhawuh marang aku
mengkéné,
10 "Klumpukna pisungsung sing
kasaosaké déning Hèldai, Tobia
lan Yedaya sing padha bali saka
pembuwangan ing Babil. Gawanen
sanalika menyang omahé Yosia bin
Zéfanya.
11 Gawéa makutha saka emas lan
slaka sing dipisungsungaké mau, banjur
enggokna ing sirahé Imam Agung Yosua
bin Yozadak.
12 Kandhanana yèn Pangéran Kang
Mahakwasa ngandika mengkéné, ‘Wong
sing karan Sang Trubusan mau, bakal
jumedhul ana ing panggonané lan
trubusané dadi subur. Kuwi sing bakal
mbangun Pedaleman-Ku.
13 Kuwi sing bakal yasa lan nampa
pakurmatan, sing pantes kaparingaké
marang raja, lan wong mau bakal ngerèh
umaté. Sajroné nindakaké pangrèhé
mau bakal dibiyantu déning imam, lan
wong loro mau bakal nyambut-gawé
bebarengan nekakaké katentreman lan
karukunan.’
14 Makutha mau bakal tetep kasimpen
ana ing Pedalemané Allah minangka

pengéling-éling marang Hèldai, Tobia lan
Yedaya lan marang Yosia anaké Zéfanya.
15 Wong-wong saka panggonan sing
adoh bakal padha teka mèlu mbantu
mbangun Pedaleman-Ku. Samasa
enggoné padha mbangun mau wis
rampung, kowé bakal ngerti yèn
Pangéran Kang Mahakwasa piyambak
sing ngutus aku marang kowé. Kuwi
kabèh bakal kelakon, samasa kowé
kanthi temen-temen padha ngèstokaké
dhawuh-dhawuhé Pangéran Allahmu."

7

1 Ing taun sing kaping papat jamané
Dharius jumeneng raja, ing dina
kaping papat, sasi ping sanga (sasi
Kislèw), Pangéran ngandika marang aku.
2 Wong-wong sing manggon ing Bètèl
padha kongkonan Sarèzèr lan Règèm-
Mèlèkh sakancané menyang Pedalemané
Allah Pangéran Kang Mahakwasa, supaya
ndedonga nyuwun berkahé Pangéran.
3 Sarta takon marang para imam lan
para nabi mengkéné, "Menapa kula sami
kedah nglajengaken enggèn kula sami
siyam nangisi risaking Pedalemanipun
Allah ing wulan kaping gangsal kados
ingkang sampun sami kula lampahi
mataun-taun?"

4 Pangandikané Pangéran sing
diparingaké aku mengkéné,
5 "Wong kabèh lan para imam
kandhanana yèn enggoné padha pasa
lan nangis ing sasi lima lan kapitu
sajroné pitung puluh taun iki, kuwi ora
kanggo ngurmati Aku.
6 Samasa padha mangan lan ngombé
kuwi apa ora kanggo awaké dhéwé?"
7 Kaya mengkono pangandikané
Pangéran lantaran para nabi sing dhisik,
nalika Yérusalèm isih makmur lan
dienggoni wong akèh, ora mung sing
padha manggon ana ing kutha-kutha
sakiwa-tengené kutha Yérusalèm,
nanging iya ing wilayah sisih Kidul lan
ing pegunungan sisih Kulon.
8 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
marang Zakharia,
9 "Dhèk jaman kuna umat-Ku
Dakdhawuhi mengkéné, ‘Nindakna
keadilan, nindakna katresnan lan
kawelasan siji karo sijiné.
10 Aja nindhes randha, bocah lola lan
wong manca sing padha manggon ana
ing satengahmu, sarta sedhéngah wong
kecingkrangan liyané. Apa menèh aja

padha ngrancang gawé piala marang
padha sedulur.’
11 Nanging umat-Ku wangkal lan wegah
ngrungokaké. Padha nutupi kupingé lan
ngatosaké atiné kaya watu.
12 Sarèhné padha ora gelem
ngrungokaké piwulang sing
Dakpréntahaké lantaran para nabi
sing Dakutus dhèk jaman biyèn, mulané
Aku duka banget.
13 Sarèhné padha ora ngrungokaké
pangandika-Ku, mulané Aku iya ora
midhangetaké pandongané.
14 Kaya carané angin prahara,
mengkono wong-wong mau padha
Daksebul, mula padha buyar manggon
ing tanah manca. Tanah iki dadi
panggonan sing suwung, sepi mamring."

8 1 Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika marang Zakharia
mengkéné,
2 "Banget enggon-Ku kepéngin
mbiyantu mbangun Yérusalèm, merga
Aku ngasihi wong-wong sing padha
manggon ing kono. Sih-katresnan-Ku
njalari Aku sengit karo para satruné.
3 Aku bakal rawuh menèh ing
Yérusalèm, kutha-Ku kang suci, lan

dedalem ana ing kono. Kutha mau bakal
misuwur dadi kutha sing setya, lan
gunungé Pangéran Kang Mahakwasa
bakal kasebut Gunung Kang Suci.
4 Bakal kelakon kaki-kaki lan nini-
nini sing merga saka tuwané padha
tekenan, bakal padha lungguhan ana ing
alun-alun.
5 Mengkono uga dalan-dalan bakal
kebak bocah lanang lan wadon sing
padha dolanan.
6 Lelakon kuwi bakal diarani anèh
déning kekarèné bangsa iki, nanging
kanggoné Aku, kuwi dudu prekara sing
mokal.
7 Aku bakal ngluwari umat-Ku saka
tanah-tanah panggonané kabuwang,
8 lan bakal Dakbalèkaké saka Wétan
lan saka Kulon, supaya padha manggon
ana ing Yérusalèm. Kuwi bakal padha
dadi umat-Ku lan Aku bakal jumeneng
dadi Allahé, sing ngerèh umat-Ku kanthi
kasetyan lan keadilan."
9 Pangandikané Pangéran marang
umaté, mengkéné, "Atimu padha
sing tatag! Saiki kowé padha krungu
pangandika sing biyèn diucapaké

déning para nabi, nalika pondhasiné
Pedalemané Allah dipasang.
10 Sadurungé kuwi, ora ana wong sing
kuwat mbayar tenaga séwan, iya tenaga
manungsa utawa kéwan; sarta wong
ora bisa mlebu-metu kanthi tentrem,
merga saka anané mungsuh. Kuwi
merga wong kabèh Dakdadèkaké padha
memungsuhan, siji karo sijiné.
11 Nanging saiki enggon-Ku ngerèh
bangsa iki béda.
12 Wong-wong mau bakal padha nyebar
winih kanthi ati sing tentrem. Wité
anggur bakal padha metokaké woh,
bumi bakal ngasilaké panèn lan ing tanah
kono bakal akèh udan. Berkah-berkah
sing mengkono mau bakal Dakparingaké
marang kekarèné bangsa kuwi.
13 Hé wong Yéhuda lan wong Israèl!
Dhèk biyèn wong manca yèn ngipat-ipati
wong liya muni, ‘Muga-muga kowé
nampanana paukuman sing nibani
Yéhuda lan Israèl!’ Nanging Aku bakal
ngluwari kowé, mula wong manca
bakal padha kandha siji karo sijiné,
‘Muga-muga kowé padha ginanjara
berkah kaya sing diparingaké marang

Yéhuda lan Israèl!’ Mulané padha sing
tatag atimu lan aja wedi."
14 Pangandikané Pangéran Allah
Kang Mahakwasa mengkéné, "Dhèk
biyèn, nalika para leluhurmu padha
gawé duka-Ku, Aku banjur nekakaké
kasangsaran lan apa sing Dakpenggalih
mau Daktindakaké tanpa keduwung.
15 Nanging saiki Aku arep mberkahi
wong Yérusalèm lan wong Yéhuda.
Mulané kowé aja padha wedi.
16 Prekara-prekara iki sing kudu
koktindakaké: kandhaa sing sanyatané
siji karo sijiné. Ana ing pengadilan padha
tumindaka sing adil, sing nekakaké
katentreman.
17 Aja padha ngrancang nindakaké piala
marang pepadhamu. Aja dadi seksi
nganggo sumpah palsu. Aku sengit karo
paseksi goroh, tindak sawenang-wenang
lan nindhes."
18 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika
marang Zakharia mengkéné,
19 "Wektu pasa ing sasi ping papat, sasi
kalima, sasi kapitu lan sasi ping sepuluh
kuwi bakal dadi riaya kabungahan
kanggoné wong Yéhuda. Kowé padha

senenga nindakaké katresnan lan padha
sing rukun."
20 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Bakal tekan
wektuné wong saka kutha ngendi-endi
padha menyang Yérusalèm.
21 Sing teka saka kutha sing siji bakal
kandha karo sing teka saka kutha
sijiné, ‘Ayo padha ngabekti marang
Pangéran, Allah Kang Mahakwasa lan
padha nyuwun berkahé. Ayo padha mèlu
aku sowan mrana!’
22 Wong akèh lan bangsa-bangsa sing
gedhé pangwasané bakal padha teka
ing Yérusalèm ngabekti, sujud marang
Pangéran Kang Mahakwasa sarta nyuwun
berkahé.
23 Ing dina-dina kuwi bakal ana wong
manca sepuluh padha nekani wong
Yahudi siji lan kandha, ‘Kula sami
kepéngin tumut panjenengan, mergi
kula sami mireng bilih Allah nunggil
kaliyan panjenengan.’"
9 1 Wangsit sing kaparingaké déning
Allah surasané mengkéné, Gusti
Allah wis damel putusan kanggo tanah
Hadrakh lan kutha Damsyik. Ora mung

bangsa Israèl, nanging iya kutha krajané
Siria kuwi kagungané Allah.
2 Hamat sing tunggal wates karo
Hadrakh kuwi iya kagungané Allah,
semono uga kutha-kutha Tirus lan Sidon,
sing kondhang ketrampilané.
3 Tirus yasa bètèng-bètèng kanggo
njaga awaké dhéwé sarta nandho slaka
lan emas akèh banget, nganti kaya
larahan ing dalan!
4 Nanging kabèh mau bakal kapundhut
déning Pangéran. Raja-brana mau bakal
kabuwang ing segara, sarta kutha mau
bakal sirna kobong ing geni nganti entèk
kabèh.
5 Wong Askelon bakal ndeleng kuwi
mau kabèh sarta giris banget. Semono
uga Ékron, mula buyar pengarep-arepé.
Gaza bakal kélangan ratuné, lan Askelon
bakal dadi suwung.
6 Asdod bakal dienggoni déning bangsa
campuran. Pangandikané Pangéran
mengkéné, "Bangsa pilihan sing umuk
bakal Dakasoraké.
7 Bangsa mau bakal mari enggoné
mangan roti sing isi getih, utawa
mangan pangan liyané sing najis.
Kekarèné bangsa mau bakal dadi siji

karo umat-Ku lan dadi golongané bangsa
Yéhuda. Ékron bakal dadi péranganing
umat-Ku, padha kaya wong Yébus.
8 Aku bakal njaga tanah kagungan-Ku
lan bakal ora marengaké dienggo liwat
tentara. Aku bakal ora marengaké
menèh anané pangwasa sing nindhes
bangsa-Ku, sebab Aku wis pirsa sepira
sangsarané umat-Ku."
9 Hé putri Sion, padha bungaha! Padha
surak-suraka hé wong sing padha
manggon ing Yérusalèm! Delengen,
Ratumu rawuh. Rawuhé ngasta
kaluhuran lan kemenangan. Éwasemono
Panjenenganè lembah manah lan rawuhé
nitih belo, anaké kuldi momotan.
10 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Kréta-kréta perangé Israèl bakal
Daksirnakaké, lan jaran-jaran bakal
Daklungakaké saka Yérusalèm;
gendhéwa lan panah sing kanggo perang
bakal Daksirnakaké. Ratumu bakal
nekakaké katentreman ing antarané
para bangsa; kratoné bakal gumelar
wiwit saka segara tekan segara, saka
Bengawan Éfrat tekan pungkasaning
bumi."

11 Pangandikané Pangéran mengkéné,
"Sarèhné Aku wis gawé prejanjian karo
kowé, sing dicap nganggo getihé kurban-
kurban, mulané Aku bakal ngluwari
kowé; Dakluwari saka pembuwangan
presasat Dakentas saka njeroning sumur
asat.
12 Padha balia, hé wong ing
pembuwangan, saiki kowé duwé
pengarep-arep; padha muliha menyang
panggonan sing tentrem. Kowé
bakal Dakparingi berkah, tikel loroné
kasangsaran sing kokalami.
13 Yéhuda bakal Dakdadèkaké
gendhéwané prejurit lan Israèl bakal
dadi panahé. Wong-wong ing Sion bakal
Dakagem minangka pedhang, sajroning
peprangan nglawan bangsa Yahudi."
14 Pangéran bakal ngetingal ana
ing sandhuwuré umaté; panahé
bakal dilepas kaya kilat. Allah Kang
Mahaluhur bakal ngungelaké slomprèt;
Panjenengané bakal tindak ing sajroning
prahara saka tanah sisih Kidul.
15 Allah Kang Mahakwasa bakal
ngayomi umaté, nganti umat mau
bakal nyirnakaké para satruné. Umat
mau bakal padha bengok-bengok ing

peprangan kaya wong mendem anggur; getihing mungsuh-mungsuhé kaya getih sing mili saka kurban sing diesokaké ana ing mesbèh saka tuwung.

16 Ing dina kuwi Pangéran bakal ngluwari umaté, kaya pangon sing nguwalaké pepanthané wedhus saka bebaya. Umat kagunganė mau bakal mencorong ing tanahé, kaya permata sing ana ing makutha!

17 Saiba bakal beciké lan éndahé tanah mau! Para nonoman bakal padha dadi gedhé lan rosa, krana saka gandum lan angguré.

10 1 Padha nyuwuna udan marang Pangéran ing mangsa semi! Sebab Pangéran sing yasa mendhung lan udan; sing damel tanduran ijo royo-royo kanggo saben wong.

2 Wong padha takon karo reca-reca lan tukang ramal, nanging wangsulané kuwi goroh, kothong tanpa teges. Ana sing nerangaké impèn, nanging kuwi mung nasaraké kowé; panglipuré tanpa guna. Mulané wong-wong mau padha nglembara kaya wedhus tanpa pangon. Padha nampa karubedan, merga ora duwé pemimpin.

3 Pangandikané Pangéran, "Aku duka
marang wong manca sing padha
njajah bangsa-Ku, mulané bakal
padha Dakukum. Bangsa Yéhuda
kuwi kagungan-Ku, lan Aku Pangéran
Kang Mahakwasa sing bakal ngrimati
wong-wong mau. Bakal Dakgawé tentara
jaranan sing prakosa.
4 Saka turuné Yéhuda bakal muncul
raja-raja lan pangwasa-pangwasa sarta
sénapati-sénapati sing ngerèh marang
umat-Ku.
5 Bangsa Yéhuda bakal unggul kaya
prejurit sing ngidak-idak mungsuhé ana
ing blethoking dalan. Umat mau bakal
perang kanthi kendel, merga Pangéran
ngamping-ampingi dhèwèké, mulané
bakal padha ngremuk mungsuhé senajan
mungsuh mau nggawa tentara jaranan.
6 Umat Yéhuda bakal Dakgawé rosa;
Israèl bakal Dakluwari. Bakal padha
Dakwelasi lan Dakulihaké menyang
tanahé. Kaanané kaya-kaya ora tau
Daksébrataké. Aku iki Pangéran Allahé;
Aku bakal nyembadani sapanyuwuné.
7 Umat Israèl bakal padha dadi rosa
kaya pahlawan, atiné bakal bingar kaya
kena dayaning anggur. Para turun-turuné

bakal padha kèlingan kemenangané,
sarta padha bungah merga saka
pakaryané Pangéran.
8 Aku bakal nimbali umat-Ku sarta
Dakklumpukaké dadi siji. Bakal padha
Dakluwari lan tangkar-tumangkar kaya
mauné.
9 Senajan wis Dakbuyaraké ana ing
antarané bangsa-bangsa, éwasemono
ana ing tanah sing adoh mau tansah
padha éling marang Aku. Wong-wong
mau lan anak-turuné bakal padha
tetep urip sarta bakal bali bebarengan
menyang tanahé.
10 Bakal padha Dakulihaké saka Mesir
lan saka Asyur, sarta Dakpapanaké ana
ing tanahé dhéwé. Bakal Dakpapanaké
ing Giléad lan iya ing Libanon; satanah
kono kabèh bakal kebak wong.
11 Samasa padha nyabrang lan ngalami
karubedan, Aku, Pangéran, bakal nyabet
aluné segara, sarta kedhung-kedhungé
Bengawan Nil bakal dadi garing. Asyur
sing umuk kuwi bakal kwirangan,
lan Mesir sing rosa bakal kélangan
kekuwatané.
12 Umat-Ku bakal Dakgawé rosa; lan
bakal padha ngabekti marang Aku sarta

mbangun-turut marang Aku. Mengkono
pangandikané Pangéran."

11

1 Hé Libanon, wengakna
gapuramu, supaya wit èrèsmu
kena diobong nganti tapis.
2 Hé wit sanobar, nangisa lan sambat-
sambata, sebab wit-wit èrès wis padha
rubuh; wit sing dhuwur-dhuwur wis sirna
kabèh! Padha nangisa lan sesambata, hé
wit élon ing Basan, alas sing gedhé kuwi
wis dibabadi nganti resik!
3 Para raja padha tangisan saka
sedhihing atiné, wis ilang kaluhurané.
Padha rungokna panggeroning singa-
singa; merga alas-alas saurute Kali
Yardèn, panggonané ndhelik wis sirna
kabèh!
4 Pangéran Allahmu ngandika marang
aku mengkéné, "Dadia pangoné
golongané wedhus gèmbèl sing arep
disembelèh.
5 Wedhus-wedhus mau padha dipatèni
déning sing duwé, lan ora ana wong sing
ngukum. Wong-wong mau padha ngedol
dagingé sarta kandha, ‛Pinujia Pangéran!
Kita wis dadi sugih!’ Senajan pangoné
wedhus dhéwé padha ora duwé welas
karo wedhusé."

6 Pangéran ngandika, "Aku bakal ora
maringi kawelasan menèh ana ing bumi.
Sakèhing umat bakal Dakpasrahaké
ing tangané para penggedhéné. Para
penggedhé mau bakal ngrusak bumi,
lan Aku bakal ora nguwalaké bumi saka
pangwasané para penggedhé mau."
7 Aku banjur diséwa déning wong
sing adol lan wong sing tuku wedhus,
mulané aku banjur dadi pangoné
wedhus-wedhus sing bakal disembelèh.
Aku banjur nggawa teken loro: sing
siji dakjenengaké: "Kawelasan," sijiné
"Manunggal". Pepanthan mau banjur
dakengon.
8 Sajroning sesasi aku mecat pangon
telu, sing padha sengit karo aku, merga
aku wis ora sabar menèh.
9 Aku banjur kandha karo pepanthaning
wedhusku, "Aku wis emoh ngengon
kowé menèh. Sing arep mati, matia, sing
arep ilang, ilanga. Sing isih kari karebèn
padha patèn-patènan dhéwé."
10 Tekenku sing jeneng "Kawelasan"
banjur dakjupuk, dakputung kanggo
mbatalaké prejanjiané Pangéran karo
para bangsa.

11 Dadiné ing dina kuwi prejanjian mau
wis batal. Wong sing padha tuku lan
adol wedhus padha nyawang aku, merga
padha ngerti yèn Pangéran ngandika
lantaran penggawéku.
12 Kandhaku karo-karo wong-wong
mau, "Yèn kowé cocog, aku wènèhana
opah. Yèn ora, iya wis." Aku banjur
dibayar telung puluh dhuwit slaka
minangka opahku.
13 Pangéran ngandika marang aku
mengkéné, "Dhuwit kuwi simpenen ana
ing Kas Pedaleman-Ku." Dhuwit slaka
telung puluh iji mau banjur daksimpen
ing Kas Pedalemané Allah; dhuwit
semono mau rumangsané wong-wong
wis akèh banget kanggo ngregani
tenagaku.
14 Teken sing kapindho sing karan
"Manunggal" banjur dakputung,
mretandhani yèn Yéhuda lan Israèl wis
pecah.
15 Pangéran banjur ngandika mengkéné,
"Kowé dadia pangon sepisan menèh,
saiki dadia pangon sing tanpa-guna.
16 Aku wis ngangkat pangon,
Dakdhawuhi ngrumati golongané
wedhus-wedhus-Ku, nanging pangon

mau ora njaga para wedhus, sing
kaancam déning karusakan. Sing ilang
ora digolèki, sing ketaton ora ditambani,
lan wedhus liyané ora dipakani. Nanging
wedhus sing lemu dhéwé malah
disembelèh, dipangan dagingé tekan
tracaké.
17 Cilaka pangon sing tanpa guna kuwi!
Pangon mau wis ninggal pepanthané.
Samasa ketekan perang, pangwasané
bakal sirna; tangané bakal apus lan
mripaté tengen bakal dadi wuta."
12 1 Iki wangsité Pangéran kanggo
Israèl. Panjenengané kuwi Allah
sing yasa langit lan nitahaké bumi,
sarta paring urip marang manungsa.
Pangandikané,
2 "Yérusalèm bakal Dakdadèkaké kaya
tuwung kebak anggur. Bangsa-bangsa
sakubengé bakal padha ngombé,
banjur gloyoran kaya wong mendem.
Bangsa-bangsa mau bakal padha
ngepung Yérusalèm lan kutha-kutha
Yéhuda liyané.
3 Nanging banjur tekan wektuné
Yérusalèm Dakdadèkaké watu sing
abot. Bangsa sing arep njunjung watu
mau bakal ketaton. Bangsa-bangsa ing

salumahing bumi bakal padha saiyeg
nglumpukaké tenagané dadi siji kanggo
nyerang Yérusalèm.
4 Ing wektu kuwi sakèhé jarané bakal
Dakgawé geter lan sing nunggangi
Dakgawé édan kabèh. Wong Yéhuda
bakal Dakreksa, nanging jarané
mungsuhé bakal Dakgawé picak.
5 Wong Yéhuda banjur bakal kandha
siji karo sijiné, ‘Pangéran Allah Kang
Mahakwasa wis paring kekuwatan
marang umaté sing padha manggon ing
Yérusalèm.’
6 Ing wektu mau umat Yéhuda bakal
Dakgawé kaya geni ana ing alas utawa
ing sawah sing gandumé wis tuwa;
kaya mengkono enggoné Yéhuda
bakal nyirnakaké bangsa-bangsa ing
sakubengé. Wong Yéhuda dhéwé bakal
padha tetep manggon ing kutha mau
kanthi slamet.
7 Aku, Pangéran, bakal paring
kamenangan, sing dhisik marang tentara
Yéhuda, mula kaurmatan sing bakal
ditampa déning para turuné Dawud
lan para penduduké Yérusalèm ora
ngungkuli kaurmatan sing diparingaké
marang kekarèné Yéhuda.

8 Ing wektu kuwi Pangéran bakal
ngreksa para wong sing manggon ing
kutha Yérusalèm; malah wong sing
ringkih dhéwé bakal dadi rosa kaya
Dawud dhèk biyèn. Para turuné Dawud
bakal dadi penuntuné kaya Malaékaté
Pangéran, iya kaya Pangéran piyambak.
9 Ing wektu kuwi Aku bakal numpes
saben bangsa sing arep nyerang kutha
Yérusalèm.
10 Aku bakal ngesokaké roh isi
sih-rahmat lan pandonga marang
anak-turuné Dawud lan wong-wong sing
manggon ana ing Yérusalèm. Mulané
bakal padha ndeleng wong sing wis
disuduk dhéwé nganti mati, lan nangisi
sing disuduk mau kaya wong sing
nangisi anaké ontang-anting. Enggoné
nangisi nganti kelara-lara kaya wong
sing nangisi anaké mbarep.
11 Ing wektu kuwi ing Yérusalèm bakal
ana tangisan gedhé, kaya sing dianakaké
kanggo Hadad-Rimon ana ing Lembah
Megido.
12 Saben kulawarga bakal nganakaké
tangisan kanggo kulawargané dhéwé;
kulawarga turuné Dawud, turuné Natan,
turuné Lèwi, turuné Simèi lan kulawarga

liya-liyané. Saben kulawarga mau bakal
nganakaké tangisan dhéwé-dhéwé,
wong lanang dhéwé, lan wong wadon
dhéwé."
13 (12:12)
14 (12:12)

13

1 Pangandikané Pangéran
Kang Mahakwasa mengkéné,
"Ing wektu kuwi bakal ana sumber
kaparingaké marang turuné Dawud
lan wong sing padha manggon ing
Yérusalèm, kanggo ngumbah dosa lan
najisé merga saka nyembah brahala.
2 Ing wektu kuwi Aku bakal nyirnakaké
jenengé sakèhé brahala saka negara
kono, nganti wong-wong padha ora
kèlingan menèh. Para wong sing
ngaku-aku nabi bakal Dakbuwang saka
kono, semono uga pepénginan nyembah
brahala bakal Daksirnakaké."
3 Nganti saupama ana wong sing meksa
ngaku-aku nabi, bapak lan ibuné wong
mau dhéwé bakal ngandhani wong mau,
"Kowé kuwi aja urip waé, merga apa
sing kokucapaké demi asmané Pangéran
kuwi goroh!" Yèn wong mau medhar
wangsit, bakal disuduk déning bapak lan
ibuné dhéwé.

4 Ing wektu kuwi wong sing ngaku-aku
nabi bakal padha kwirangan samasa
medhar wangsit, utawa nganggo jubah
wungu kanggo ngapusi rakyat.
5 Nanging bakal padha kandha
mengkéné, "Aku iki dudu nabi, nanging
wong tani, merga wiwit cilik aku wis
ngolah lemah.
6 Yèn ana wong sing takon, ‘Tilas tatu
apa sing ana ing dhadhamu kuwi?’,
banjur padha diwangsuli, ‘Enggonku olèh
tatu iki ana ing omahé kancaku!’"
7 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Hé pedhang,
tangia, nyeranga abdi-Ku para pangon!
Patènana pangoné, mula wedhusé bakal
buyar. Umat-Ku bakal Dakgempur,
8 lan rong prateloné penduduké negara
bakal mati.
9 Déné sing sapratelon kekarèné
bakal Dakluluh kaya slaka ana ing
geni supaya dadi murni. Enggon-Ku
ngluluh carané kaya wong ngluluh emas.
Sawisé mengkono wong-wong mau
bakal padha ndedonga marang Aku,
lan panyuwuné bakal Dakjurungi. Bakal
Dakpangandikani, yèn wong kuwi umat

kagungan-Ku, lan wong-wong mau bakal
ngakoni yèn Aku jumeneng dadi Allahé."

14 1 Dina pengadilané Pangéran
wis cedhak. Yérusalèm bakal
dijarah-rayah, lan jarahan mau bakal
diedum ana ing ngarepmu.
2 Pangéran bakal nglempakaké bangsa-
bangsa supaya nyerang Yérusalèm.
Kuthané bakal direbut, omah-omahé
dijarah-rayah lan para wongé wadon
dipeksa ngladèni karepé. Penduduké
sing separo bakal ditawan, nanging
liyané bakal ora diboyong.
3 Pangéran piyambak bakal miyos lan
nglurugi perang marang bangsa-bangsa
mau, kaya sing katindakaké dhèk jaman
biyèn.
4 Panjenengané ing wektu kuwi bakal
jumeneng ana ing Gunung Zaitun,
sing ana ing sisih wétané Yérusalèm.
Gunung Zaitun mau bakal kasigar dadi
loro déning lembah amba, saka Wétan
mengulon. Gunung mau sing separo
bakal mingser ngalor lan sing separo
mingser ngidul.
5 Kowé banjur bakal padha ngungsi
metu lembah sing misahaké gunung
mau dadi loro. Kowé banjur bakal

padha mlayu ngungsi kaya leluhurmu
olèhé padha ngungsi dhèk jamané
Uzia, raja ing Yéhuda, nalika tanah
iki oreg déning lindhu. Pangéran Kang
Mahakwasa banjur bakal rawuh, diiringi
para malaékaté.
6 Ing wektu kuwi bakal ora ana mangsa
bedhidhing lan ora ana pepeteng. Sing
ana mung pepadhang kaya padhangé
raina, bengi wis ora ana menèh. Mung
Pangéran piyambak sing pirsa, mbésuk
kapan tekané dina mau.
7 (14:6)
8 Ing dina kuwi bakal ana banyu seger
mili saka Yérusalèm. Sing separo bakal
mili menyang Segara Mati, lan sing
separo liyané menyang Segara Tengah.
Banyu mau bakal mili terus setaun
muput, iya ing mangsa ketiga, utawa ing
mangsa rendheng.
9 Ing kono Allah bakal jumeneng Raja
ing salumahing bumi. Panjenengané
bakal disembah lan diakoni déning saben
wong sarta disebut Allahé.
10 Daérah kono kabèh, wiwit saka
Géba, ing sisih Lor, tekan Rimon, ing
sisih Kidul bakal dirata. Yérusalèm bakal
mengklik-mengklik ing sandhuwuré

tanah kono kabèh. Watesé kutha mau
saka Gapura Bènyamin tutug ing gapura,
sing biyèn kasebut Gapura Pojok. Lan
saka Menara Hananèl tekan pamipitan
angguré para ratu.
11 Para wargané kutha kono bakal
padha manggon kanthi tentrem, ora
wedi kaancam déning karusakan menèh.
12 Pangéran bakal ndhatengaké
paukuman sing nggegirisi kanggo
sakèhé bangsa-bangsa sing nyerang
Yérusalèm. Dagingé wong-wong mau
bakal dadi bosok sajroné isih padha urip;
semono uga mripat lan ilaté.
13 Ing wektu kuwi Pangéran bakal
gawé bingungé wong-wong mau, mula
saben wong ngira yèn bakal dicekel lan
diserang déning kancané.
14 Wong-wong Yéhuda bakal padha
perang mbélani Yérusalèm, lan
njarah-rayah raja-branané bangsa-
bangsa kabèh, yakuwi emas, slaka lan
sandhangan akèh banget.
15 Paukuman mau iya marang jaran,
bihal, unta lan kuldi sing ana ing
lingkungané mungsuh.
16 Kekarèné bangsa-bangsa sing
nglurugi perang Yérusalèm mau saben

taun bakal padha teka ngabekti marang
Pangéran Allah Kang Mahakwasa, sing
diakoni dadi Rajané ngiras mahargya
Riaya Tarub Godhong.
17 Yèn ana bangsa sing ora gelem
sowan menyang Yérusalèm nyembah
marang Pangéran, sing dadi Rajané,
bakal ora kaparingan udan.
18 Yèn wong Mesir ora gelem mahargya
Riaya Tarub Godhong, bakal ketekan
paukuman padha kaya sing nyerang
marang saben bangsa sing ora gelem
sowan menyang Yérusalèm.
19 Mengkono paukuman sing bakal
nekani Mesir lan bangsa-bangsa liyané,
yèn ora gelem mahargya Riaya Tarub
Godhong.
20 Ing wektu kuwi klinthingané
jaran bakal ana tulisané sing uniné:
"Sengkerané Pangéran". Kuwali-kuwali
sing ana ing Pedalemané Allah bakal
padha suciné karo bokor-bokor sing ana
ing ngareping mesbèh.
21 Saben kuwali ing Yérusalèm lan
ing satanah Yéhuda bakal kapisahaké
dienggo saos kurban marang Pangéran,
Allah Kang Mahakwasa. Wong sing saos
kurban bakal migunakaké kuwali mau

kanggo nggodhog daging sing dienggo kurban. Ing wektu kuwi ing Pedalemané Allah bakal ora ana wong sing padha dedagangan menèh.

Maleakhi

1 1 Iki wangsité Pangéran marang
bangsa Israèl lantaran Nabi Maléakhi.
2 Pangandikané Pangéran marang
umat kagunganė mengkéné, "Aku
tansah nresnani kowé." Nanging umat
mau ngunjukaké wangsulan, "Pundi
buktinipun, bilih Paduka nresnani
kawula?" Pangandikané Pangéran, "Ésau
lan Yakub kuwi rak sedulur kakang
adhi? Nanging Yakub lan anak-turuné
Dakkasihi,
3 lan Ésau saanak-turuné Daksengiti.
Mulané pegunungan-pegununganė
Dakgawé sepi mamring. Dakdadèkaké
panggonané kéwan galak."
4 Saupama wong Édom, anak-turuné
Ésau padha kandha, "Kutha-kuthaku
padha rusak, nanging bakal dakbangun
menèh," Aku, Pangéran bakal mangsuli,
"Bangunen, mengko bakal Dakgempur
menèh. Tanah mau bakal karan: ‘Tanah
sangar,’ utawa ‘Bangsa sing diukum
déning Allah ing selawasé.’"

5 Wong Israèl bakal ndeleng lelakon
mau srana mripaté dhéwé lan bakal
padha kandha, "Pangéran kuwi kwaos
nganti tekan sanjabaning tlatahé Israèl!"
6 Pangéran, Allah Kang Mahakwasa
ngandika marang para imam mengkéné,
"Anak lanang ngurmati bapakné, lan
batur ngurmati bendarané. Aku iki
Bapakmu, yagéné kowé ora ngurmati
Aku? Aku iki Bendaramu. Yagéné kowé
ora wedi karo Aku? Kowé ngrèmèhaké
Aku, éwasemono kowé padha takon,
‘Mawi cara kadospundi enggèn kawula
ngrèmèhaken Paduka?’
7 Carané enggonmu ngrèmèhaké Aku
yakuwi srana nyaosaké dhaharan sing
najis ana ing mesbèh-Ku. Nanging
kowé munjuk pitakon, ‘Kadospundi
caranipun enggèn kawula najisaken
mesbèh Paduka?’ Merga penganggepmu
sing angkuh, mesbèhé Pangéran dadi
koksepèlèkaké!
8 Yèn sing koksaosaké kanggo kurban
marang Aku kuwi kéwan picak, utawa
laranen, utawa pincang, apa saka
pangiramu kuwi becik? Coba kéwan
mengkono iku aturna marang bupatimu!

Apa wong mau bakal seneng karo kowé
lan ngganjar marang kowé?"
9 Mulané kowé, para imam, yèn
kowé nyuwun sing becik kanggo kita,
Panjenengané bakal ora miyarsakaké
pandongamu, lan kuwi merga salahmu
dhéwé.
10 Pangéran Kang Mahakwasa ngandika,
"Beciké ana salah siji ing antaramu
sing nutup lawangé Pedalemané Allah,
supaya kowé ora bisa nyumed geni sing
tanpa guna ana ing mesbèh-Ku. Aku
ora seneng karo kowé; Aku ora kersa
nampèni kurban sesaosanmu.
11 Wong saka kéblat papat padha teka
saka pojoking bumi merga kepéngin
ngurmati Aku, sarta ana ing ngendi-endi
wong padha ngobong menyan konjuk
marang Aku, sarta padha saos kurban
sing gawé renaning penggalih-Ku. Wong
kabèh mau padha ngurmati Aku!
12 Nanging kowé malah padha najisaké
asma-Ku karo kandha, yèn mesbèh-Ku
kuwi sepélé, sarta karo nyaosaké kurban
dhaharan sing najis.
13 Pangucapmu, ‘Aku wis bosen karo
kuwi mau kabèh!’ Kowé banjur ndhangak
karo ngènjepi Aku. Samasa kowé saos

pisungsung marang Aku rupa kéwan
colongan, utawa kéwan sing pincang
utawa sing laranen, apa kokkira Aku
kersa nampèni kurbanmu kuwi?
14 Cilaka wong julig sing ngurbanaké
kéwan cacad marang Aku, mangka
ing antarané pepanthané wedhusé ana
kéwan sing becik, sing wis dipisahaké
arep disaosaké marang Aku! Apa Aku iki
dudu Ratu sing luhur, lan bangsa-bangsa
salumahing bumi padha ngurmati Aku."

2 1 Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika marang para imam
mengkéné, "Dhawuh iki Daktujokaké
marang kowé:
2 Kowé ngurmatana Aku nganggo
penggawému. Yèn kowé ora nggatèkaké
pangandika-Ku, kowé bakal Daktibani
paukuman. Aku bakal nibakaké
paukuman marang apa waé sing
kokanggep dadi panguripanmu.
Satemené paukuman mau malah
wis Daktindakaké, merga kowé ora
nggatèkaké dhawuh-Ku.
3 Anak-anakmu bakal Dakukum lan
raimu Dakraupi nganggo tléthongé
kéwan-kéwan sing kokenggo kurban,

sarta kowé bakal kasèrèd menyang
panggonan buwanganè kotoran mau.
4 Ing kono kowé bakal ngerti yèn
dhawuh iki wis Dakparingaké marang
kowé, sebab janji-Ku karo para imam,
anak-turuné Lèwi, ora Dakbatalaké.
5 Aku janji, yèn para imam bakal
Dakganjar urip lan katentreman,
mangka kuwi wis Dakparingaké supaya
padha ngurmati Aku. Dhèk semana
pancèn padha wedi-asih marang Aku.
6 Padha mulangaké apa sing bener,
dudu sing salah. Pesrawunganè karo
Aku becik. Ora mung padha nglakoni
becik kanggo awaké dhéwé, nanging iya
nyegah pepadhané nglakoni piala.
7 Wis dadi kuwajibané para imam
mulangaké kawruh sing bener bab Gusti
Allah. Wong samesthiné padha marani
imam, merga kepéngin ngerti marang
kersa-Ku, sebab imam kuwi utusané
Pangéran Kang Mahakwasa.
8 Nanging saiki kowé padha nyimpang
saka dalan sing bener. Piwulangmu
ndadèkaké wong akèh padha nglakoni
piala. Srana mengkono kowé wis
mbubrah prejanjian-Ku karo kowé.

9 Mulané Aku bakal gentèn ndadèkaké
umat Israèl nyepèlèkaké marang kowé,
merga kowé padha ora mbangun-turut
karo kersa-Ku, lan yèn mulang nganggo
mbédakaké wong."
10 Kita kabèh rak padha nunggal Rama?
Kita kabèh rak padha-padha katitahaké
déning Allah siji? Yagéné kita padha
mbubrah janji kita dhéwé-dhéwé?
Yagéné kita padha najisaké prejanjian
sing dianakaké déning Allah karo para
leluhur kita?
11 Umat Yéhuda wis mbubrah
prejanjiané karo Pangéran merga
nindakaké penggawé-penggawé sing
nistha banget ing Yérusalèm lan ing
satlatahé tanah Yéhuda kabèh. Wis
padha najisaké Pedalemané sing dikasihi
déning Allah lan padha kawin karo wong
wadon sing nyembah brahala-brahalané
bangsa liya.
12 Muga-muga Pangéran nyébrataké
wong-wong sing mengkono mau saka
masarakaté Israèl, lan aja pisan-pisan
wong-wong mau olèh mèlu nyaosaké
kurban kagem Allah Kang Mahakwasa
bebarengan karo bangsa kita.

13 Kejaba saka kuwi kowé isih nglakoni
sing mengkéné: Kowé wis nutupi
mesbèhé Pangéran nganggo luhmu,
merga kowé nangis karo sambat-
sambat, sebab Pangéran nampik kurban
sesaosanmu.
14 Kowé padha nyuwun pirsa apa sebabé
Panjenengané nampik pisungsungmu.
Ora liya merga Panjenengané pirsa
enggonmu wis nyélaki janjimu karo
bojomu, sing kokkawin nalika kowé
isih nom. Bojomu kuwi rak mitramu
lan somahmu tunggal saprejanjian!
Dadi kowé wis mbubrah janjimu karo
somahmu, senajan kowé wis janji ana
ing ngarsané Allah yèn kowé arep setya
karo wong mau.
15 Apa dudu Gusti Allah sing wis
njodhokaké kowé lan somahmu dadi
daging lan roh siji? Apa sing dikersakaké
ana ing kono? Ora liya supaya anak
sing lair saka kowé mau nyata umaté
Allah. Mulané jaganen awakmu, aja
pisan-pisan nyélaki bojomu jaka-lara.
16 "Awit Aku sengit karo pegatan,"
mengkono pangandikané Pangéran,
Allah Kang Mahakwasa. "Aku sengit
yèn ana wong sing tumindak ambek

siya karo bojoné. Jaganen awakmu, aja
nganti mbubrah janji tresnamu karo
bojomu jaka-lara."
17 Kowé padha gawé sekeling galihé
Pangéran srana tembung-tembungmu.
Nanging kowé takon karo Aku,
"Kadospundi caranipun kokkawula dipun
wastani damel sekeling penggalih?" Ora
liya srana tembungmu sing mengkéné,
"Pangéran Kang Mahakwasa nganggep
wong gawé piala kuwi dudu apa-apa.
Diparengaké apa waé." Utawa kowé
padha kandha, "Ana ing ngendi ta Gusti
Allah sing ndhawahaké paukuman?"
3 1 Pangéran Kang Mahakwasa paring
wangsulan mengkéné, "Aku bakal
ngutus utusan sing ngrata dalan
sing bakal Dakambah. Pangéran sing
kokgolèki kuwi bakal rawuh dadakan, ing
Pedalemané. Utusan-Ku sing kokarep-
arep tekané mau bakal kokdeleng
lan kuwi sing bakal medharaké
prejanjian-Ku."
2 Nanging sapa sing kuwat ngadhepi
dina rawuhé Utusané Pangéran mau?
Sapa sing bakal tahan urip samasa
Panjenengané ngetingal? Panjenengané

mau presasat sabun sing keras, kaya
geni sing ngluluh slaka.
3 Kaya carané kemasan ngluluh slaka
lan emas, kaya mengkono Utusané
Pangéran bakal nucèkaké para imam,
nganti padha bisa nindakaké kurban sing
pantes konjuk marang Pangéran.
4 Mula kurban-kurban sing kasaosaké
déning wong Yéhuda lan wong Yérusalèm
bakal gawé renaning galihé Pangéran,
kaya dhèk jaman biyèn.
5 Pangandikané Pangéran Kang
Mahakwasa mengkéné, "Aku bakal
rawuh ngetingal ing antaramu ngadili
kowé. Lan Aku sepisan menèh bakal
nglawan wong sing padha dadi tukang
tenung, wong sing padha laku ngiwa,
wong sing dadi seksi palsu, wong sing
ngunthet opahé para buruhé, wong sing
nindhes randha lan bocah lola, sarta
wong manca; kuwi wong sing padha
nglawan marang dhawuh-Ku."
6 "Aku iki Pangéran, kang ora owah-
gingsir. Mulané kowé anak-turuné Yakub
ora bakal sirna.
7 Ora béda karo para leluhurmu, kowé
wis padha nyingkur marang dhawuh-
dhawuh-Ku, merga ora koklakoni. Padha

mratobata, sowana Aku, lan Aku bakal nunggal karo kowé. Nanging kowé padha munjuk, ‛Kadospundi caranipun enggèn kawula saged sowan Paduka malih?’

8 Apa bisa manungsa ngapusi Allah, kaya enggonmu ngapusi Aku? Éwasemono kowé padha munjuk, ‛Kadospundi enggèn kawula ngapusi Paduka?’ Yakuwi ing bab nyaosaké pisungsung prasepuluhan.

9 Mulané kowé kabèh wis padha kena ing paukuman, ora liya merga saka enggonmu ngapusi Aku.

10 Pisungsung prasepuluhan kuwi kabèh gawanen menyang gudhangé Pedaleman-Ku, supaya ing Pedaleman-Ku anaa tandhon pangan. Banjur titènana, kowé mesthi Dakwengani korining langit, sarta Aku bakal ngesokaké berkah-Ku marang kowé nganti lubèr?

11 Aku bakal nggusah ama sing ngrusak tanduranmu lan wit anggurmu bakal metokaké dhompolan akèh.

12 Kowé bakal disebut bangsa sing begja déning para bangsa kabèh, merga tanahmu becik kanggo manggon."

13 "Kowé ngrasani ala marang Aku,"
mengkono pangandikané Pangéran.
"Nanging kowé munjuk, ‘Kawula sami
ngraosi awon?’
14 Kowé padha kandha, ‘Ngabekti
marang Pangéran kuwi apa gunané?
Apa paédahé nglakoni dhawuh-dhawuhé
sarta nggetuni piala kita?
15 Apa sing kita deleng, nyatané wong
angkuh rak padha kepénak uripé.
Wong ala ora mung kepénak uripé,
malah padha wani nyoba marang Allah
srana lakuné sing ala, mangka iya ora
dikapak-kapakaké!’"
16 Nanging wong sing ngabekti marang
Allah padha rerasanan karo kancané,
mangka Pangéran midhanget apa sing
padha diucapaké mau. Ana ing ngarsané
Pangéran ana kitab kanggo nyatheti
sakèhé wong sing ngabekti marang
Panjenengané lan ngajèni asmané.
17 Pangandikané Pangéran Allah Kang
Mahakwasa, "Wong-wong kuwi mau
kagungan-Ku piyambak. Ing dina sing
wis Daktetepaké Aku bakal maringi
kawelasan, bakal Dakéman kaya
bapak ngéman marang anaké sing
mbangun-turut.

[18] Kowé bakal weruh menèh bédané
wong sing mursid karo wong duraka,
bédané wong sing ngabekti marang Allah
karo sing ora."
4 [1] Pangéran Kang Mahakwasa
ngandika mengkéné, "Bakal tekan
mangsané wong angkuh lan wong ala
kaobong kaya damèn. Ing dina kuwi
wong-wong mau bakal kaobong, nganti
sirna babar-pisan.
[2] Nanging kanggoné kowé, sing padha
mbangun-turut marang Aku, kowé bakal
padha kapadhangan déning pangwasa-
Ku sing nggawa keslametan, kaya
srengéngé sing nekakaké kuwarasan
srana panasé. Kowé bakal merdika kaya
pedhèt sing diwetokaké saka kandhangé
lan ngalami katentreman.
[3] Ing dinané Pangéran mau kowé bakal
nelukaké wong ala, presasat lebu sing
kokidak-idak ing sangisoring tlapakaning
sikilmu.
[4] Padha élinga marang piwulangé
abdi-Ku Musa, dhawuh-dhawuh lan
prenatan-prenatan sing Dakparingaké
marang Israèl lantaran wong mau
ana ing Gunung Sinai, supaya padha
dièstokaké.

5 Nanging sadurungé tekan dinané
Pangéran sing nggegirisi, Aku bakal
ngutus Nabi Élia nekani kowé.
6 Kuwi sing bakal mbalèkaké para bapak
lan para anak dadi siji menèh, supaya
Aku ora nganti rawuh lan nyirnakaké
negaramu nganti tapis."

Matius

1 [1] Iki sarasilahé Gusti Yésus Kristus.
Gusti Yésus kuwi tedhak-turuné
Prabu Dawud. Prabu Dawud tedhak-
turuné Bapak Abraham.
[2] Bapak Abraham peputra Iskak. Iskak
peputra Yakub. Yakub peputra Yéhuda
sasedulur.
[3] Yéhuda peputra Pèrès lan Zérah,
patutan saka Tamar; Pèrès peputra
Hèzron. Hèzron peputra Ram.
[4] Ram peputra Aminadab. Aminadab
peputra Nahason. Nahason peputra
Salmon.
[5] Salmon peputra Boas, patutan saka
Rahab. Boas peputra Obèd, patutan saka
Rut. Obèd peputra Isai.
[6] Isai peputra Dawud. Dawud peputra
Suléman, patutan saka tilas bojoné Uria.
[7] Suléman peputra Réhabéam.
Réhabéam peputra Abia. Abia peputra
Asa.
[8] Asa peputra Yosafat. Yosafat peputra
Yoram. Yoram peputra Uzia.

9 Uzia peputra Yotam. Yotam peputra
Akhas. Akhas peputra Hizkia.
10 Hizkia peputra Manasyè. Manasyè
peputra Amon. Amon peputra Yosia.
11 Yosia peputra Yékhonya sasedulur.
Nalika semono bangsa Israèl ana ing
pembuwangan ing tanah Babil.
12 Ana ing tanah Babil kono Yékhonya
peputra Séaltièl. Séaltièl peputra
Zérubabel.
13 Zérubabel peputra Abihud. Abihud
peputra Èlyakim. Èlyakim peputra Azur.
14 Azur peputra Zadhok. Zadhok
peputra Akhim. Akhim peputra Éliud.
15 Éliud peputra Èléazar. Èléazar peputra
Matan. Matan peputra Yakub.
16 Yakub peputra Yusuf. Yusuf kuwi
garwané Maryam. Maryam iki sing
mbabar Gusti Yésus, sing disebut
Mèsias[a] (Tembung Ibrani ‘Mèsiah’ kuwi
basané Yunani ‘Kristus’.)
17 Dadi saka Bapak Abraham tekan
Prabu Dawud, kabèh ana patbelas
turunan, saka Prabu Dawud tekan jaman
pembuwangan menyang tanah Babil ana
patbelas turunan. Semono uga saka
jaman pembuwangan menyang tanah

---

[a]Mèsiah utawi Mèsias: tegesipun: "Jinebadan".

Babil tekan wiyosé Sang Kristus ana
patbelas turunan.
18 Anadéné wiyosé Gusti Yésus Kristus
kuwi kelakoné mengkéné: Nalika
Maryam ibuné Gusti Yésus isih pacangan
karo Yusuf, lan durung padha ningkah,
Maryam wis mbobot merga saka
pangwasané Sang Roh Suci.
19 Sarèhné wong mursid, Yusuf ora
gelem gawé wirangé Maryam ana
ing ngarepé wong akèh; mula thukul
gagasané arep medhot enggoné
pepacangan karo Maryam mau kanthi
meneng-menengan.
20 Nanging bareng lagi nggagas-
nggagas mengkono, banjur ana
Malaékaté Pangéran nemoni Yusuf
sajroning impèn. Malaékat mau
ngandika: "Yusuf, tedhak-turuné Dawud,
kowé aja mangu-mangu ngepèk Maryam
dadi bojomu, awit bayi sing ana ing
wetengané kuwi asalé saka pangwasané
Sang Roh Suci.
21 Maryam bakal mbabar putra
kakung. Bayi kuwi namakna Yésus,
awit iya Panjenengané kuwi sing bakal
nylametaké umaté saka ing dosané."

22 Kuwi mau kabèh supaya kelakon
sing dingandikakaké déning Pangéran
lantaran nabiné, mengkéné:
23 "Bakal ana prawan mbobot, sarta
mbabar putra kakung, kang bakal
dinamakaké Immanuèl." (‘Immanuèl’,
kuwi basa Ibrani, tegesé: ‘Allah nunggil
karo kita’.)
24 Sawisé tangi, Yusuf banjur nglakoni
kaya sing didhawuhaké déning
Malaékaté Pangéran mau. Maryam
banjur diningkah,
25 nanging ora diwori turu nganti
tumekané babaran. Putrané kakung;
Yusuf namakaké putra mau Yésus.

2 1 Kutha panggonané Gusti Yésus
miyos mau arané Bètléhèm, dunungé
ing tanah Yudéa. Nalika semono sing
jumeneng raja ing tanah Yudéa Sang
Prabu Hérodès. Ing kono ana ahli
palintangan sawetara saka tanah Wétan
padha teka ing kutha Yérusalèm.
2 Banjur padha takon: "Ratunipun
tiyang Yahudi ingkang nembé miyos
menika wonten ing pundi? Margi kula
sampun sami sumerep lintangipun
wonten ing sisih Wétan; lan enggèn kula

dhateng mriki menika sami badhé saos
bekti dhateng Panjenenganipun."
3 Bareng krungu sing mengkono mau
Sang Prabu Hérodès kagèt banget.
Semono uga wong sakutha Yérusalèm
iya padha kagèt.
4 Sang Prabu banjur utusan ngumpulaké
para pengareping imam lan para ahli
Torèt, banjur padha didangu: "Sang
Kristus kuwi bakal miyos ana ing endi?"
5 Wangsulané sing padha didangu:
"Wonten ing kitha Bètléhèm, ing tanah
Yudéa. Kados ingkang sampun kaserat
déning nabi, mekaten:
6 ‘Kowé kutha Bètléhèm, ing tanah
Yéhuda,[b] kowé babar-pisan dudu
kutha sing rèmèh dhéwé ing antarané
kutha-kutha ing Yéhuda. Awit saka ing
kowé bakal miyos panuntun kang bakal
ngengon umat-Ku Israèl.’"
7 Sawusé olèh katerangan mengkono,
Sang Prabu Hérodès banjur utusan
nimbali para ahli palintangan saka tanah
Wétan mau kanthi dhedhemitan. Sang
Prabu banjur ndangu klawan tliti kapan

---

[b]tanah Yéhuda: Samenika kawastanan tanah Yudéa.

sanyatané lintang kuwi olèhé wiwit
katon.
8 Sawisé kuwi para ahli palintangan mau
kadhawuhan mangkat menyang kutha
Bètléhèm, karo diweling mengkéné:
"Padha mangkata, titi priksanen sing
tliti bab Sang Bayi kuwi. Déné yèn wis
ketemu, énggal padha matura marang
aku, supaya aku iya bisa mrana saos
bekti marang Panjenengané."
9 Sawisé nampani dhawuhé Sang Prabu
Hérodès mau, para ahli palintangan
banjur padha mangkat. Sajroné padha
mlaku, lintang sing mauné padha
dideleng ana ing Wétan, kuwi katon
menèh. Lintang kuwi ndhisiki lakuné,
banjur mandheg ana ing ndhuwuré
padunungané Sang Bayi.
10 Bareng weruh lintang mau, para ahli
palintangan padha bungah banget.
11 Tumuli padha mlebu ing omah lan
ing kono padha weruh Sang Putra
karo Maryam, ibuné. Banjur padha
sujud lan nyembah marang Sang Putra.
Sawisé mengkono para ahli palintangan
mau banjur padha mbukaki pethiné
raja-brana, lan nyaosaké pisungsung

marang Sang Bayi, arupa mas, menyan
lan blendok mur.
12 Nalika mulih, para ahli palintangan
mau padha ora metu ing dalan sing
mauné diliwati. Sebab padha olèh
dhawuh saka Pangéran ing sajroné
impèn, supaya aja padha bali sowan ing
ngarsané Sang Prabu Hérodès.
13 Bareng para ahli palintangan wis
padha mangkat, nuli ana Malaékating
Pangéran ngetingal marang Yusuf
sajroné impèn. Malaékat mau ngandika:
"Tangia, Sang Putra lan ibuné padha
ungsèkna menyang tanah Mesir.
Manggona ana ing kana nganti aku awèh
weruh marang kowé, awit Sang Prabu
Hérodès bakal nggolèki Sang Putra, arep
disédani."
14 Yusuf tangi, ing bengi kuwi uga
banjur nggawa Sang Putra lan ibuné
ngungsi menyang tanah Mesir.
15 Banjur padha manggon ana ing kono
nganti sasédané Sang Prabu Hérodès.
Mengkono dadiné kelakon temenan apa
sing wis didhawuhaké déning Pangéran
lantaran nabiné, mengkéné: "Saka
ing tanah Mesir enggon-Ku nimbali
Putra-Ku."

16 Sang Prabu Hérodès duka banget,
sebab pirsa yèn diapusi déning para ahli
palintangan saka ing tanah Wétan mau.
Panjenenganė banjur dhawuh matèni
sakèhé bocah lanang ing kutha Bètléhèm
lan sakiwa-tengené, sing umuré rong
taun sapengisor, manut pétungan wektu
sing dikandhakaké déning para ahli
palintangan mau.
17 Mengkono dadiné kelakon temenan
apa sing wis tau dingandikakaké déning
Nabi Yérémia:
18 "Ana swara keprungu ing kutha
Rama, yakuwi pasambat lan panangis.
Rahèl nangisi anak-anaké; lan emoh
dilipur, awit anak-anaké wis padha mati."
19 Bareng Sang Prabu Hérodès wis séda,
Malaékating Pangéran ngetingal menèh
marang Yusuf sajroné impèn ing tanah
Mesir.
20 Malaékat mau dhawuh: "Tangia! Sang
Bayi lan ibuné gawanen bali menyang
tanah Israèl, awit wong sing padha
ngarah sédané Sang Bayi wis padha
mati."
21 Yusuf tangi, Sang Bayi lan Maryam
banjur digawa bali menyang tanah
Israèl.

22 Nanging bareng krungu yèn Pangéran
Arkélaus, putrané Sang Prabu Hérodès,
nggentosi ramané jumeneng raja ana
ing tanah Yudéa, arep mrana Yusuf atiné
sumelang. Sarèhné Yusuf iya tampa
dhawuh saka Pangéran ing sajroning
impèn, mulané banjur lunga menyang
tanah Galiléa,
23 banjur manggon ing kutha Nasarèt.
Mengkono dadiné kelakon temenan apa
sing dingandikakaké déning para nabi,
yèn Gusti Yésus bakal kasebut "Wong
Nasarèt."

3

1 Ing nalika semana Nabi Yohanes
Pembaptis rawuh ing ara-ara samun
ing tanah Yudéa, lan memulang ana ing
kono.
2 Pangandikané: "Padha mratobata saka
dosa-dosamu, awit sedhéla engkas Gusti
Allah kersa ngedegaké Kratoné!"
3 Nabi Yohanes kuwi pancèn wong sing
wis diweca rawuhé déning Nabi Yésaya
mengkéné: "Ana wong nguwuh-uwuh
ing ara-ara samun, ‘Padha nyawisna
dalané Pangéran; lencengna lan ratanen
dalan sing bakal diambah.’"

4 Nabi Yohanes kuwi agemané digawé
saka wulu unta. Sabuké saka lulang.
Sing didhahar walang lan madu alas.
5 Akèh wong sing marani Nabi Yohanes
mau, saka kutha Yérusalèm, saka tanah
Yudéa lan saka wilayah sakiwa-tengené
Kali Yardèn.
6 Wong-wong mau padha ngakoni
dosa-dosané, banjur padha dibaptis
déning Nabi Yohanes ing Kali Yardèn.
7 Uga akèh wong Farisi lan wong Saduki
sing padha teka marani Nabi Yohanes,
nyuwun dibaptis. Nalika Nabi Yohanes
pirsa wong-wong mau, banjur ngandika:
"Kowé anak ula, sapa sing akon kowé
padha nyingkiri bebenduné Gusti Allah
marang kowé?
8 Buktèkna srana kelakuanmu yèn kowé
wis mratobat temenan.
9 Lan aja ngira yèn kowé bisa
mbeneraké awakmu dhéwé ana ing
ngarsané Gusti Allah srana muni: ‘Aku
rak tedhak-turuné Abraham.’ Ngertia,
yèn Gusti Allah kwaos nganakaké turuné
Abraham saka watu-watu iki!
10 Wadungé wis cumepak kanggo negor
wit ing poking oyodé. Saben wit sing ora

ngetokaké woh becik, bakal ditegor lan
dibuwang ing geni.
11 Aku mbaptis kowé nganggo banyu
kanggo mretandhani yèn kowé wis
mratobat ninggal dosa-dosamu;
nanging Panjenengané kang bakal
rawuh sapungkurku, kuwi sing bakal
mbaptis kowé srana Roh Suci lan geni.
Panjenengané luwih kwasa ketimbang
aku. Senajan mung nguculi trumpahé
waé aku ora pantes.
12 Panjenengané wis ngasta tampah
kanggo napèni, lan lesungé bakal
dikeludi nganti resik. Berasé bakal
diklumpukaké ana ing lumbung, nanging
mrambuté bakal diobong ing geni sing
ora bisa sirep."
13 Nalika semana Gusti Yésus tindak
saka tanah Galiléa menyang Kali Yardèn.
Panjenengané murugi Nabi Yohanes lan
mundhut supaya dibaptis.
14 Nanging Nabi Yohanes menggak,
aturé: "Kawula ingkang prelu
Panjenengan baptis, koksamenika
malah Panjenengan ingkang mundhut
kawula baptis."
15 Nanging Gusti Yésus ngandika: "Wis
ta, bèn waé, awit srana mengkono Aku

lan kowé padha netepi sing dadi kersané
Gusti Allah." Nabi Yohanes nuli nuruti
kersané.
16 Sawisé dibaptis, Gusti Yésus
mentas saka ing banyu. Dumadakan
Panjenengané kawenganan langit lan
mirsa Sang Roh Suci tumurun kaya
manuk dara, nedhaki Panjenengané.
17 Banjur ana swara saka ing langit: "Iki
Putra-Ku, sing Daktresnani, sing gawé
renaning penggalih-Ku."

4 1 Sawisé mengkono, Gusti Yésus
banjur katuntun déning Sang Roh
Suci menyang ara-ara samun, supaya
digodha déning Iblis.
2 Ana ing kono Gusti Yésus siyam
patang puluh dina patang puluh bengi.
Banjur kraos luwé.
3 Iblis nuli teka sowan ing ngarsané
Gusti Yésus lan matur mengkéné:
"Sarèhné Panjenengan menika
Putranipun Allah, mangga séla-séla
menika Panjenengan sabdakaken dados
roti."
4 Gusti Yésus paring wangsulan: "Wis
katulis ing Kitab Suci: Manungsa kuwi
uripé ora mung saka roti waé, nanging

saka sakèhing sabda sing didhawuhaké
déning Gusti Allah."
5 Iblis banjur nggawa Gusti Yésus
menyang kutha Yérusalèm lan
mapanaké Panjenengané ana ing
wuwunging Pedalemané Allah.
6 Iblis nuli matur: "Sarèhné
Panjenengan menika Putranipun
Allah, sumangga kula aturi anjlog; sebab
wonten ing Kitab Suci wonten seratan
mekaten: ‘Pangéran bakal ndhawuhi
para malaékaté njaga marang kowé,
lan kowé bakal dithadhahi ing tangané
supaya aja nganti kena ing watu.’"
7 Pangandikané Gusti Yésus: "Nanging
ing Kitab Suci iya ana tulisan mengkéné:
‘Kowé aja nyoba marang Pangéran
Allahmu.’"
8 Gusti Yésus banjur digawa déning
Iblis, menyang gunung sing dhuwur
banget. Ana ing kono Gusti Yésus
diaturi mirsani sakèhé kraton ing donya
sakamulyané kabèh.
9 Iblis banjur matur marang Gusti Yésus:
"Sedaya menika kula caosaken dhateng
Panjenengan, angger Panjenengan sujud
nyembah dhateng kula."

10 Gusti Yésus ngandika: "Wis lungaa,
Sétan! Awit ing Kitab Suci wis tinulis
mengkéné: ‘Pangéran Allahmu sing wajib
koksembah lan mung Panjenengané sing
wajib kokbektèni!’"
11 Wusana Iblis banjur lunga saka
ngarsané Gusti Yésus; malaékat-
malaékat tumuli padha sowan ngladosi
Panjenengané.
12 Bareng midhanget, yèn Nabi Yohanes
dikunjara, Gusti Yésus banjur nyingkir
menyang tanah Galiléa.
13 Panjenengané pindhah saka kutha
Nasarèt lan dedalem ana ing kutha
Kapèrnaum. Kutha kuwi dunungé ana
ing sapinggiré Tlaga Galiléa, ing tanah
Zébulon lan Naftali,
14 trep karo sing dingandikakaké Nabi
Yésaya, mengkéné:
15 "Tanah Zébulon lan tanah Naftali,
sing ana ing sauruting dalan menyang
tlaga, ing sabrangé Kali Yardèn, tanah
Galiléa panggonané bangsa-bangsa liya!
16 Wong-wong sing padha manggon ing
pepeteng wis padha weruh pepadhang
gedhé! Pepadhang wis sumunar
madhangi wong-wong sing padha

manggon ing tanah sing dikwasani
déning dayaning pati!"
17 Ing wektu kuwi Gusti Yésus
wiwit mulang, pangandikané: "Padha
mratobata ninggal dosa-dosamu, awit
sedhéla engkas Kratoné Allah arep
diwiwiti!"
18 Nalika lagi tindak ing sapinggiring
Tlaga Galiléa, Gusti Yésus mirsa wong
loro, kakang-adhi, yakuwi Simon sing
karan Pétrus karo Andréas, adhiné.
Wong loro mau lagi padha njala, awit
loro-loroné padha tukang njala iwak.
19 Gusti Yésus ngandika marang wong
loro mau: "Padha mèlua Aku, kowé arep
padha Dakwarahi dadi tukang njala
wong."
20 Sanalika jalané ditinggal, banjur
padha ndhèrèk Gusti Yésus.
21 Gusti Yésus banjur nerusaké tindaké,
sarta mirsa wong loro menèh, iya
kakang-adhi, yakuwi Yakobus lan
Yohanes, anak-anaké Zébedéus. Wong
loro mau karo bapakné lagi ana ing prau,
nyulami jalané, banjur padha ditimbali
déning Gusti Yésus.
22 Sanalika prau lan bapakné ditinggal,
nuli padha ndhèrèk Gusti Yésus.

23 Gusti Yésus banjur ndlajahi tanah Galiléa. Panjenengané memulang ana ing sinagogé-sinagogé[c] lan martosaké Injil bab Kratoné Allah. Wong lara lan wong cacad padha diwarasaké.

24 Kabar bab Gusti Yésus kuwi banjur sumebar satanah Siria kabèh, nganti wong akèh padha sowan marang Panjenengané. Wong lara lan wong nandhang kasangsaran rupa-rupa padha disowanaké, kayata: wong kesurupan, wong lara ayan lan wong lumpuh, kabèh padha diwarasaké déning Gusti Yésus.

25 Nalika semono akèh banget wong sing padha ndhèrèkaké Gusti Yésus, ana sing saka tanah Galiléa, ana sing saka kutha Dékapolis, ana sing saka kutha Yérusalèm, saka tanah Yudéa, lan iya ana sing saka tanah sabrangé Kali Yardèn.

5 1 Bareng Gusti Yésus mirsa wong akèh mau, banjur minggah ing punthuk. Sawisé lenggah, para muridé padha mapan lungguh ngubengi Panjenengané.

2 Gusti Yésus tumuli wiwit mulang:

---

[c]sinagogé: inggih menika papan pangibadahipun tiyang Yahudi.

3 "Begja wong sing rumangsa ringkih
ana ing ngarsané Pangéran; awit wong
sing kaya ngono kuwi sing dadi umat
ana ing Kratoné Allah.
4 Begja wong sing prihatin; awit bakal
padha dilipur déning Gusti Allah.
5 Begja wong sing andhap-asor, awit
bakal padha tampa prasetyané Gusti
Allah.
6 Begja wong sing kepéngin banget
nglakoni kersané Gusti Allah; awit Gusti
Allah bakal gawé mareming atiné.
7 Begja wong sing seneng melasi wong
liya; awit bakal diwelasi déning Gusti
Allah.
8 Begja wong sing resik atiné; awit
bakal wanuh marang Gusti Allah.
9 Begja wong sing padha seneng
ngrukunaké, awit bakal disebut para
putrané Gusti Allah.
10 Begja wong sing disiya-siya merga
enggoné nglakoni kersané Gusti Allah;
awit wong sing mengkono kuwi sing dadi
umat ana ing Kratoné Allah.
11 Begja kowé menawa diwewada,
disiya-siya lan dipitenah merga saka
enggonmu dadi murid-Ku.

12 Para nabi sadurungé kowé iya padha
disiksa kaya mengkono. Padha bungaha
lan dipadha gembira, sebab gedhé
ganjaran sing bakal kaparingaké déning
Gusti Allah marang kowé."
13 "Kowé kuwi upamané kaya uyah
kanggo nguyahi jagad. Yèn uyah ilang
asiné, apa sing kena kanggo mulihaké
asiné? Uyah sing mengkono mau wis
ora ana gunané, mulané mung bakal
dibuwang lan diidak-idak déning wong.
14 Kowé kuwi upamané kaya pepadhang
sing dibutuhaké déning wong sajagad
kabèh. Kutha sing ana ing ndhuwur
gunung kuwi ora kena dialing-alingi.
15 Lan menèh ora ana wong sing
nyumed lampu, banjur ditutupi
nganggo tompo, nanging malah bakal
numpangaké lampu mau ana ing papan
sing dhuwur, supaya bisa madhangi
saben wong sing ana ing omah kono.
16 Mengkono uga padhangmu
madhangana marang wong, supaya
padha neksèni penggawému sing
becik, temah wong-wong mau padha
ngluhuraké Ramamu sing ana ing
swarga."

17 "Kowé aja padha ngira, yèn teka-
Ku iki arep mbatalaké Torèt, sing
diwulangaké Nabi Musa lan para
nabi liyané, nanging malah arep
nyampurnakaké.
18 Ngertia, salawasé isih ana langit lan
bumi, Torèt mau ora bakal batal, senajan
mung titik utawa saaksara waé.
19 Mulané sing sapa nerak salah
sawijining angger-angger mau, senajan
sing katoné cilik dhéwé, lan mulangaké
marang wong liya nglakoni mengkono,
iku bakal olèh papan sing asor dhéwé
ana ing Kratoné Allah. Nanging sing
sapa nglakoni lan mulangaké kabèh
pepakoning Torèt, iku bakal olèh papan
sing dhuwur ana ing Kratoné Allah.
20 Mulané éling-élingen: Kowé ora bakal
kepétung dadi umat ana ing Kratoné
Allah, yèn olèhmu nglakoni Angger-
anggeré Torèt ora luwih sampurna
ketimbang karo sing ditindakaké déning
para ahli Torèt lan para wong Farisi."
21 "Kowé padha ngerti yèn leluhur kita
diwulang mengkéné: Kowé aja matèni
wong; sing sapa matèni wong kudu
diadili.

22 Nanging saiki kowé Dakkandhani: Sing sapa nepsoni seduluré, kudu diadili; lan sing sapa misuhi seduluré, iya kudu diadili déning Predataning Agama. Lan sing sapa ngunèkaké seduluré: ‘Goblog’, wong kuwi kudu dicemplungaké ing geniné nraka.
23 Mulané yèn kowé pinuju nyaosaké pisungsungmu marang Gusti Allah, mangka kowé kèlingan ana sedulur sing lara atiné karo kowé,
24 pisungsungmu tinggalen ing sangareping mesbèh. Wong mau paranana, rukuna dhisik karo dhèwèké, yèn wis banjur balia, nyaosna pisungsungmu.
25 Yèn ana wong nggugat kowé menyang pengadilan, sajroné lagi padha bebarengan mlaku mrana, kowé ngaraha rukun dhisik karo wong sing nggugat mau. Yèn kowé ora ngarah rukun dhisik, wong mau bakal ngajokaké kowé marang jeksa lan jeksa bakal masrahaké kowé marang polisi. Polisi nuli bakal nglebokaké kowé menyang kunjara.
26 Élinga, yèn kowé bakal ora bisa metu saka kunjara mau, samasa utangmu durung koksaur nganti lunas."

27 "Kowé wis padha ngerti piwulang sing
surasané: Kowé aja laku jina.
28 Nanging saiki kowé Dakkandhani:
Sing sapa mandeng wong wadon kanthi
rasa sir, wong mau wis laku jina karo
wong wadon mau ing sajroning atiné.
29 Yèn mripatmu tengen marakaké
kowé gawé dosa, mripat kuwi cukilen
lan buwangen! Luwih becik kowé
kélangan pérangané badanmu salah
siji, ketimbang karo badanmu sekojur
kacemplungaké ing nraka.
30 Yèn tanganmu tengen njalari kowé
nglakoni dosa, tangan kuwi kethoken,
banjur buwangen! Luwih becik kowé
kélangan tanganmu sesisih ketimbang
karo badanmu sekojur mlebu ing nraka."
31 "Uga ana piwulang sing surasané:
Sing sapa megat bojoné, kudu awèh
layang pegat.
32 Nanging saiki kowé Dakkandhani:
Sing sapa megat bojoné, mangka bojoné
mau ora laku jina, kuwi marakaké bojoné
mau laku jina, yakuwi samangsa sing
dipegat mau kawin menèh. Lan wong
liya sing kawin karo sing dipegat mau,
iya banjur katut laku jina."

33 "Kowé padha ngerti yèn leluhur kita
padha diwulang mengkéné: Kowé aja
mblénjani janji. Yèn kowé wis janji karo
wong nganggo sumpah ing ngarsané
Gusti Allah, kudu koktetepi.
34 Nanging saiki Aku ngandhani kowé:
Kowé aja pisan-pisan sumpah. Aja
sumpah demi langit, awit langit kuwi
palenggahané Gusti Allah.
35 Utawa demi bumi, awit bumi kuwi
ancik-anciking sampéyané Gusti Allah;
utawa aja demi kutha Yérusalèm, awit
kutha Yérusalèm kuwi kuthané Sang
Prabu.
36 Iya aja sumpah demi sirahmu, awit
kowé dhéwé ora bisa gawé uwan, saeler
waé ora bisa.
37 Munia waé ‘Iya’ utawa ‘Ora’. Luwihé
saka kuwi pinangkané saka Iblis."
38 "Angger-anggeré Nabi Musa
nyebutaké mengkéné: Sapa sing
ngrusak mripat, kudu genti dirusak
mripaté lan sing ngrusak untu, kudu
genti dirusak untuné.
39 Nanging saiki kowé Dakkandhani:
Aja males marang wong sing gawé piala
marang kowé. Malah yèn ana wong

napuk pipimu tengen, karebèn napuk
pipimu kiwa pisan.
40 Lan yèn ana wong ngladèkaké
kowé marang hakim merga arep njaluk
keméjamu, jasmu wènèhna pisan.
41 Yèn kowé dipeksa wong nggawakaké
barangé sakilometer, gawakna nganti
rong kilomèter.
42 Yèn ana wong njaluk apa-apa marang
kowé, wènèhana lan aja nulak wong sing
arep utang marang kowé."
43 "Kowé wis padha ngerti piwulang
iki: Tresnaa marang kanca-kancamu lan
sengita marang mungsuhmu.
44 Nanging saiki kowé Dakkandhani:
Padha tresnaa marang mungsuhmu,
lan wong sing nganiaya kowé, padha
dongakna,
45 supaya ketitika yèn kowé kuwi para
putrané Ramamu ing swarga. Awit
Ramamu maringi padhanging srengéngé
marang wong sing becik, nanging
uga marang wong sing ala. Ramamu
maringi udan marang wong sing nglakoni
kabecikan lan uga marang wong sing
nglakoni piala.
46 Awit yèn kowé mung nresnani marang
wong sing tresna marang kowé, apa

preluné Gusti Allah males penggawému
kuwi? Apa wong sing karem bandha uga
ora tumindak mengkono?
47 Lan yèn kowé awèh salam
mung marang kanca-kancamu waé,
kaluwihanmu apa? Wong sing ora
wanuh marang Gusti Allah rak iya padha
tumindak mengkono!
48 Mulané kowé kudu padha sampurna,
kaya Ramamu ing swarga iya sampurna."
6 1 "Padha élinga! Aja padha nglakoni
pangibadahmu kanggo paméran
ana ing sangareping wong. Yèn kowé
tumindak mengkono, kowé ora bakal
nampani ganjaran saka Ramamu ing
swarga.
2 Mulané yèn kowé padha dedana,
aja kokwartak-wartakaké kaya sing
ditindakaké déning wong lamis. Wong
lamis lumrahé nindakaké sing mengkono
mau ana ing papan-papan pangibadah
lan ing dalan-dalan gedhé, pamrihé
supaya dialem déning wong. Élinga,
wong-wong sing kaya ngono kuwi wis
padha olèh piwalesé penggawéné.
3 Nanging tumrap kowé, yèn kowé
dedana, aja nganti wong liya padha
ngerti enggonmu wèwèh,

4 supaya aja ana wong siji waé ngerti
enggonmu dedana. Ramamu ing swarga
pirsa penggawému sing ora diweruhi
déning wong; lan Panjenenganė bakal
paring piwales marang kowé."
5 "Yèn kowé ndedonga, aja kaya wong
lamis. Wong lamis lumrahé padha
ndedonga karo ngadeg ing papan-papan
pangibadah lan ana ing pinggir dalan,
pamrihé supaya katon ing wong. Élinga,
wong sing mengkono mau wis padha
nampani opahé.
6 Nanging kowé yèn ndedonga, mlebua
ing kamar, lan kancingen lawangé,
banjur ndedongaa marang Ramamu sing
ora katon. Panjenenganė pirsa apa sing
koktindakaké, senajan wong liya ora
padha weruh. Ramamu bakal maringi
ganjaran marang kowé.
7 Yèn kowé ndedonga, aja kedawan
kaya adaté wong sing ora wanuh karo
Gusti Allah. Wong mau padha ngira yèn
Gusti Allah mirengaké pandonganė,
merga pandonganė dawa.
8 Aja padha niru sing kaya ngono
kuwi. Ramamu wis pirsa apa sing
kokbutuhaké, sadurungé kowé nyuwun.

9 Mulané ndedongaa mengkéné: ‘Rama
kawula ingkang wonten ing swarga:
Asma Paduka ingkang suci mugi dipun
urmati déning sedaya tiyang.
10 Kraton Paduka mugi dipun èstokaken
déning sedaya tumitah ing salumahing
bumi, kados déné pangrèh wau wonten
ing swarga inggih dipun èstokaken
déning para malaékat.
11 Mugi kawula Paduka paringi rejeki
ing dinten menika.
12 Kalepatan kawula mugi Paduka
apunten, kados déné kawula inggih
ngapunten tiyang-tiyang ingkang sami
damel kalepatan dhateng kawula.
13 Kawula mugi sampun ngantos
Paduka tégakaken kénging ing godha,
nanging mugi Paduka uwalaken saking
piawon. [Awit Paduka menika ingkang
ngerèh samukawis, ingkang kagungan
pangwaos saha Ratu ingkang mulya ing
selaminipun. Amin.]’
14 Yèn kowé ngapura wong sing
keluputan marang kowé, Ramamu ing
swarga iya bakal ngapura keluputanmu.
15 Nanging menawa kowé ora ngapura
keluputané wong liya, Ramamu

ing swarga iya ora bakal ngapura
keluputanmu."
16 "Yèn kowé padha pasa, ulatmu aja
kokgawé suntrut kaya carané wong
lamis. Wong-wong mau ulaté digawé-
gawé katon lesu, supaya wong kabèh
padha ngerti yèn dhèwèké lagi pasa.
Élinga, wong sing mengkono kuwi wis
padha nampa piwales ing samesthiné.
17 Nanging kowé, yèn pasa, raupa lan
rambutmu jungkatana,
18 supaya ora ana wong sing ngerti yèn
kowé lagi pasa. Preluné mung Ramamu
ing swarga sing ora katon, kuwi waé
sing pirsa apa sing koklakoni, senajan
wong liya ora ana sing weruh. Lan
Panjenengané bakal maringi piwalesé
marang kowé."
19 "Aja padha nglumpukaké bandha ana
ing donya. Awit bandha donya kuwi bisa
rusak déning rayap lan renget, lan kena
dicolong maling.
20 Nanging padha nglumpukna bandha
ana ing swarga. Awit ing swarga ora
ana rayap lan renget sing bisa ngrusak
bandha mau, lan maling iya ora bisa
mbabah lan nyolong.

21 Awit ing ngendi dunungé bandhamu,
iya ana ing kono dunungé atimu."
22 "Mripat kuwi kaya déné lampu
tumraping badan. Yèn mripatmu waras,
badanmu sekojur iya dadi padhang.
23 Nanging yèn mripatmu cacad,
badanmu sekojur iya dadi peteng. Dadi
yèn lampu sing ana ing badanmu kuwi
dadi peteng, méndah kaya apa petengé."
24 "Ora ana wong sing bisa ngrangkep
ngawula bendara loro. Sebab wong mau
bakal sengit marang bendara sing siji lan
nresnani marang bendara sijiné. Utawa
bakal setya marang bendara sing siji lan
nyepèlèkaké bendara liyané. Semono
uga kowé. Kowé ora bisa ngawula
marang Gusti Allah lan uga ngawula
marang Mamon.
25 Mulané élinga! Aja padha
nyumelangaké bab panguripanmu,
yakuwi bab apa sing bakal kokpangan
utawa kokombé, utawa apa sing bakal
kokenggo. Apa urip kuwi ora luwih aji
ketimbang karo pangan, lan badan
apa ora luwih aji ketimbang karo
sandhangan?
26 Coba delengen, manuk-manuk sing
padha mabur mrana-mréné, kaé rak

ora nyebar wiji, ora ngundhuh, lan
uga ora nyimpen panènané ana ing
lumbung. Éwasemono Ramamu ing
swarga ngopèni manuk-manuk mau!
Apa kowé ora luwih aji ketimbang karo
manuk-manuk kuwi?
27 Sapa panunggalanmu sing bisa
nyambung uripé merga sumelang?
28 Mengkono menèh yagéné kowé padha
nyumelangaké bab sandhanganmu?
Coba delengen, kembang-kembang sing
padha thukul dhéwé ana ing ara-ara.
Kembang-kembang kuwi rak padha ora
nyambut-gawé lan padha ora nenun.
29 Nanging delengen, senajan Sang
Prabu Suléman sing sugihé kaya
ngana, éndahing agemané ora kaya
kembang-kembang kuwi!
30 Yèn selaginé suket ing ara-ara sing
dina iki tuwuh sarta sésuk wis dibuwang
lan diobong waé direngga semono
éndahé déning Gusti Allah, apa menèh
kowé! Dhasaré kowé kuwi cupet ing
pengandel.
31 Aja padha kuwatir lan muni: ‘Sing
padha dakpangan mengko apa? Utawa
sing padha dakombé mengko apa, utawa
sing padha dakenggo apa?’

32 Sing padha ngudi barang-barang
mengkono kuwi rak wong-wong sing
padha ora wanuh karo Gusti Allah.
Ramamu ing swarga rak wis pirsa yèn
barang-barang mau kabèh kokbutuhaké.
33 Mulané sing luwih dhisik kudu
kokudi yakuwi, kepriyé enggonmu
bisa mbangun-turut marang pepakon-
pepakoné Gusti Allah, kaya déné umat
ana ing Kratoné. Yèn kowé wis bisa
mrelokaké prekara kuwi, samubarang
kabèh uga bakal diparingaké marang
kowé.
34 Mulané, aja padha kuwatir bab dina
sésuk, awit dina sésuk ana karépotané
dhéwé. Ngrasakaké karépotané dina
saiki waé wis abot, aja ditambahi
karépotané dina sésuk."

7 1 "Aja padha ngadili wong liya,
supaya kowé dhéwé iya ora diadili
déning Gusti Allah.
2 Awit Gusti Allah ngagem wewaton
sing kokenggo ngadili wong liya mau
kanggo netepaké ala-becikmu. Lan
ukuran-ukuran sing kokenggo ngukur
wong liya, iya ukuran kuwi sing diagem
déning Gusti Allah kanggo ngukur kowé.

3 Apa sebabé déné tatal sing ana ing
mripaté wong liya, kowé weruh, nanging
balok sing ana ing mripatmu dhéwé,
kowé ora weruh?
4 Kokwani-wanimu ngandhani wong
liya: ‘Tatal ing mripatmu dakilangané’,
mangka ing mripatmu dhéwé ana
baloké?
5 Dhasaré kowé kuwi wong lamis! Balok
ing mripatmu kuwi ilangana dhisik,
banjur kowé lagi bisa ndeleng klawan
cetha lan bisa ngilangi tatal sing ana
mripaté wong liya mau.
6 Barang sing suci aja kokuncalaké
nyang asu, awit asu mau bakal minger
lan nyander kowé. Lan mutiara aja
kokuncalaké nyang babi, jalaran mutiara
mau mung bakal diidak-idak."
7 "Padha nyenyuwuna marang Gusti
Allah, temah kowé bakal diparingi.
Padha nggolèkana Panjenengané, mesthi
bakal ketemu. Padha nothoka koriné
Gusti Allah, temah kowé bakal padha
diwengani.
8 Awit wong sing padha mantep ing
panyuwun marang Gusti Allah, bakal
kaparingan, lan wong sing tansah
nggolèki Gusti Allah, bakal ketemu

Panjenenganė; lan wong sing tansah
thothok-thothok ing koriné Gusti Allah,
bakal diwengani.
9 Apa panunggalanmu ana sing dijaluki
roti anaké kokmènèhi watu?
10 Utawa mènèhi ula, yèn anaké njaluk
iwak?
11 Senajan kowé alaa kaya apa, kowé
padha ngerti mènèhi barang sing becik
marang anak-anakmu. Apa menèh
Gusti Allah, Ramamu ing swarga.
Panjenenganė bakal maringi barang
sing becik marang saben wong sing
nyenyuwun marang Panjenenganė!"
12 "Apa sing kokkarepaké supaya
ditindakaké déning wong liya marang
kowé, kuwi tindakna marang wong mau.
Iya kuwi sariné Angger-anggering Torèt,
sing diwulangaké déning Nabi Musa lan
nabi-nabi liyané."
13 "Padha mlebua metu lawang sing
ciyut, awit lawang sing amba lan dalan
sing jembar kuwi anjog ing nraka!
Mangka akèh wong sing padha milih
dalan mau.
14 Kosokbaliné lawang sing ciyut lan
dalan sing rumpil, kuwi anjog marang

kauripan, lan mung sethithik cacahé
wong sing milih dalan kuwi."
15 "Padha sing ngati-ati; ana nabi-nabi
palsu. Wong-wong mau padha nekani
kowé méndha-méndha wedhus gèmbèl,
mangka sejatiné asu ajag sing galak.
16 Ketitiké wong mau saka penggawéné.
Apa ana thethukulan eri ngetokaké
woh anggur lan apa ana rerungkudan
ngetokaké woh ara?
17 Wit sing waras ngetokaké woh sing
becik, lan wit sing geringen ngetokaké
woh sing ala.
18 Wit sing becik ora bisa ngetokaké
woh sing ala, lan wit sing geringen ora
bisa ngetokaké woh sing becik.
19 Saben wit sing ora ngetokaké woh
sing becik, ditegor lan diobong.
20 Mengkono uga kedadéané para nabi
palsu mau. Kowé bakal padha bisa
nitik wong-wong mau saka wohing
penggawéné."
21 "Sing dadi umat ana ing Kratoné
Allah kuwi dudu angger wong sing matur
marang Aku: ‵Gusti, Gusti′, nanging
mung wong sing padha nglakoni kersané
Rama-Ku ing swarga.

22 Ing Dina Kiamat bakal akèh wong
sing padha matur marang Aku: ‘Gusti,
Gusti, kawula rak sampun martosaken
pangandikanipun Gusti Allah atas
asma Paduka? Lan kawula rak sampun
nundhungi dhemit atas asma Paduka,
menapa malih sampun damel mujijat
kathah atas asma Paduka?’
23 Nanging Aku bakal mangsuli: ‘Aku
ora wanuh karo kowé! Padha sumingkira
saka ing kéné, kowé wong sing seneng
gawé piala!’"
24 "Wong sing ngrungokaké lan nglakoni
piwulang-Ku, kuwi padha karo wong
pinter sing ngedegaké omahé ana ing
padhasan.
25 Bareng ana udan deres lan ana banjir,
sarta ana angin gedhé nempuh, omah
mau ora rubuh, awit ngadeg ana ing
padhasan.
26 Nanging sapa sing ngrungokaké
piwulang-Ku, mangka ora nglakoni, kuwi
padha karo wong bodho, sing ngedegaké
omahé ing lemah pasir.
27 Bareng ana udan deres lan ana banjir,
sarta ana angin gedhé nempuh, omah
mau nuli ambruk, lan rusak banget!"

28 Bareng Gusti Yésus wis rampung
enggoné memulang, wong kabèh padha
gumun banget marang piwulangé.
29 Awit enggoné mulang kanthi
pangwasa, ora kaya pamulangé ahli
Torèt.

8 1 Gusti Yésus mandhap saka ing
gunung, kadhèrèkaké déning wong
akèh.
2 Ing kono ana wong lara kusta. Wong
mau sowan lan sujud ing ngarsané Gusti
Yésus, sarta matur: "Gusti, menawi
Panjenengan kersa, inggih temtu saged
nyarasaken kawula."
3 Gusti Yésus banjur mulung astané,
ndemèk wong mau. Pangandikané: "Ya!
Aku kersa. Warasa!" Sanalika iku uga
lelarané kusta ilang, lan wong mau
waras.
4 Gusti Yésus banjur ngandika
marang wong mau: "Poma, bab iki
aja kokkandhakaké marang sapa waé.
Sowana marang imam, aturana mriksa
awakmu. Sawisé kuwi saosna kurban
miturut préntahé Nabi Musa, kanggo
mbuktèkaké marang wong-wong, yèn
kowé wis waras tenan!"

5 Nalika Gusti Yésus mlebu ing kutha
Kapèrnaum, ana perwira tentara Rum
sowan ing ngarsané, sarta nyuwun
pitulungané Gusti.
6 Aturé wong mau: "Gusti, réncang
kawula sakit wonten ing griya. Tiyang
wau nggluntung ing patileman, lan
ngraosaken sakit sanget."
7 Gusti Yésus ngandika: "Iya, Aku
Dakmrana marasaké."
8 Nanging aturé perwira mau: "Ah,
mbok mboten sisah rawuh piyambak.
Kawula mboten pantes nampèni Gusti
ing griya kawula. Panjenengan kawula
aturi dhawuh kémawon, mangké réncang
kawula mesthi saras!
9 Awit kawula piyambak inggih kedah
tundhuk dhateng pengageng kawula.
Lan sangandhap kawula inggih wonten
rèrèhan prejurit-prejurit ingkang kedah
tundhuk dhateng préntah kawula.
Menawi kawula akèn dhateng ingkang
setunggal: ‘Lungaa’, piyambakipun
inggih késah. Menawi kawula ngundang
sanèsipun: ‘Mrénéa’, piyambakipun
inggih nunten dhateng; utawi menawi
kawula akèn réncang kawula: ‘Iki

lakonana', piyambakipun inggih
tumunten nglampahi."
10 Bareng mireng aturé perwira mau,
Gusti Yésus gumun banget. Banjur
ngandika marang wong-wong sing
ndhèrèkaké: "Aku durung tumon
pengandel sing semono gedhéné ana ing
antaranė wong Israèl.
11 Titènana waé, bakal akèh wong
sing teka saka Wétan lan saka Kulon
padha bungah-bungah bebarengan karo
Bapa Abraham, Iskak lan Yakub ana ing
Kratoné Allah.
12 Nanging wong-wong sing samesthiné
dadi umat ing Kratoné Allah, malah
bakal ditundhung lan diukum. Ing kono
wong-wong mau bakal padha nangis lan
krasa keduwung banget."
13 Gusti Yésus banjur ngandika marang
perwira mau: "Wis, muliha. Apa sing dadi
pengandelmu bakal kelakon." Sanalika
iku uga abdiné perwira mau waras.
14 Gusti Yésus tindak menyang omahé
Pétrus. Ing kono Panjenenganė mirsa
ibuné maratuwa Pétrus mau lagi lara
panas ana ing peturon.

15 Tangané banjur didemèk, temahan
mari larané. Wong mau banjur tangi lan
ngladosi Gusti.
16 Nalika ngarepaké peteng akèh
wong sing kesurupan dhemit padha
disowanaké ana ing ngarsané
Gusti Yésus. Dhemit-dhemit mau
padha ditundhungi, cukup mung
srana didhawuhi waé. Semono uga
Panjenenganė marasaké wong-wong
sing padha lara liyané.
17 Gusti Yésus nindakaké kuwi mau
kabèh, supaya kelakon temenan apa
sing wis dingandikakaké déning Nabi
Yésaya, mengkéné: "Panjenenganė wis
nyanggi kasangsaran kita lan marasaké
sakèhing lelara kita."
18 Nalika mirsa wong akèh ngrubung
Panjenenganė, Gusti Yésus nuli dhawuh
marang murid-muridé, supaya nyabrang
Tlaga Galiléa.
19 Ana ing kono ana sawijining ahli Torèt
sing sowan lan matur: "Guru, kawula
badhé ndhèrèk Panjenengan dhateng
pundi kémawon tindak Panjenengan."
20 Gusti Yésus ngandika: "Asu ajag
padha duwé rong, lan manuk padha
duwé susuh, nanging Aku, Putraning

Manungsa, ora duwé papan kanggo
nggléthak lan ngaso."
21 Nuli ana murid liyané sing matur:
"Gusti, kawula nyuwun pamit badhé
ngubur bapak kawula."
22 Nanging Gusti Yésus ngandika:
"Mèlua Aku! Wong mati cikbèn padha
ngubur panunggalané sing padha mati."
23 Gusti Yésus banjur minggah ing prau
lan para muridé padha ndhèrèk.
24 Ora wetara suwé ing tlaga mau
ana prahara, nganti prauné diontang-
antingaké déning ombak. Nalika semana
Gusti Yésus lagi saré.
25 Para muridé nuli padha marani,
mungu Panjenenganė, lan padha
bengok-bengok: "Gusti, nyuwun tulung!
Praunipun badhé kèrem!"
26 Pangandikané Gusti Yésus: "Yagéné
kowé padha wedi? Kowé padha cupet
ing pengandel." Gusti Yésus banjur
jumeneng. Angin lan ombak nuli
didhawuhi supaya sirep. Banjur iya sirep.
27 Sakèhing wong sing ana ing kono
padha gumun. Lan padha muni: "Wong
iki sapa ta, déné tekan angin lan ombak
barang kokpadha ngèstokaké dhawuhé!"

28 Gusti Yésus enggoné nyabrang
tlaga wis tekan tanah Gadara. Tumuli
dipethukaké déning wong loro, sing metu
saka guwa-guwa kuburan. Wong-wong
mau padha kesurupan dhemit, lan
mbebayani banget, mulané ora ana
wong siji-sijia sing wani liwat cedhak
kono.
29 Dumadakan wong-wong sing
kesurupan dhemit mau padha bengok-
bengok: "Kawula badhé Panjenengan
menapakaken, dhuh Putranipun Allah?
Menapa Panjenengan sampun badhé
ngukum kawula? Samenika rak dèrèng
wekdalipun?"
30 Ora adoh saka kono ana pepanthan
babi sing lagi padha golèk pangan.
31 Dhemit-dhemit mau nuli padha matur
marang Gusti Yésus: "Menawi kawula
sami kadhawuhan medal, keparenga
kawula sami mlebet ing babi-babi
menika."
32 Dhawuhé Gusti Yésus: "Padha
metua." Dhemit-dhemit nuli padha metu
saka wong-wong sing kesurupan mau,
banjur mlebu ing babi-babi. Babi-babi
kuwi nuli padha njegur saka pinggiring

jurang menyang tlaga, temahan padha
mati kleleb.
33 Wong sing padha ngengon babi
banjur mlayu menyang kutha lan
nyritakaké lelakon kuwi, uga bab wong
loro sing kesurupan dhemit mau.
34 Wong sakutha kabèh nuli padha metu
marani Gusti Yésus. Bareng ketemu
banjur padha nyuwun kanthi banget,
supaya Panjenenganè kersa nilar wilayah
kono.
9 1 Gusti Yésus nuli minggah ing prau,
banjur nyabrang, kondur menyang
kutha sing didalemi, yakuwi Kapèrnaum.
2 Ing kono ana wong lumpuh nggluntung
ing peturon, digotong menyang ngarsané
Gusti Yésus. Bareng pirsa pengandelé
wong-wong mau banjur ngandika
marang sing lumpuh: "Atimu sing tatag!
Dosa-dosamu wis diapura."
3 Ing kono ana ahli Torèt sawetara sing
padha rerasanan: "Wong iki nyenyamah
Gusti Allah!"
4 Gusti Yésus pirsa rasanané wong-
wong mau, mulané banjur ngandika:
"Yagéné kowé padha duwé pikiran sing
ala mengkono?

5 Gampang endi muni: ‘Dosamu
wis diapura’, karo muni: ‘Tangia lan
lumakua?’
6 Aku arep awèh bukti yèn Putraning
Manungsa duwé pangwasa ngapura
dosa." Gusti banjur ngandika marang
wong sing lumpuh mau: "Tangia,
peturonmu angkaten lan muliha!"
7 Wong lumpuh mau iya banjur ngadeg
lan mulih.
8 Wong akèh sing padha ndeleng lelakon
mau banjur padha wedi lan memuji
marang Gusti Allah, déné Allah kersa
maringi pangwasa semono gedhéné
marang manungsa.
9 Gusti Yésus banjur nglajengaké
tindaké. Nuli mirsa pegawé pajeg,
jenengé Matius, lagi lungguh ing
kantoré. Matius didhawuhi: "Mèlua Aku!"
Matius banjur ngadeg lan ndhèrèk Gusti
Yésus.
10 Nalika Gusti Yésus lagi dhahar ing
omahé Matius, ana pegawé pajeg lan
wong-wong sing dianggep ala déning
masarakat, padha teka lan mangan
bebarengan karo Gusti Yésus sarta
murid-muridé.

11 Ana wong Farisi sawetara sing padha
weruh, banjur padha takon marang para
muridé Gusti Yésus: "Yagéné Gurumu
kokmangan bebarengan karo pegawé
pajeg lan wong ala?"
12 Gusti Yésus mireng pitakonan mau,
nuli ngandika: "Wong sing waras ora
butuh dhokter. Sing butuh dhokter kuwi
wong sing lara.
13 Surasanen, apa tegesé ayat ing Kitab
Suci, sing uniné: ‘Kang Dakkersakaké
dudu kurban, nanging tumindaké
katresnan.’ Sebab teka-Ku iki ora kanggo
wong sing sampurna, nanging kanggo
wong sing rumangsa dosa."
14 Sawisé kuwi para muridé Nabi
Yohanes Pembaptis padha sowan ing
ngarsané Gusti Yésus. Banjur padha
nyuwun pirsa: "Kawula lan para tiyang
Farisi sami nglampahi pasa, nanging
para murid Panjenengan kokmboten?"
15 Pangandikané Gusti Yésus: "Kepriyé
penemumu? Endi ana tamu ing pésta
pengantèn kokprihatin, yèn pengantèné
lanang isih ana ing kono? Mesthi ora!
Nanging bakal ana mangsané pengantèn
lanang lunga saka ing kono. Ing wektu
iku para tamu mau bakal padha pasa."

16 "Ora ana wong nambal sandhangan
lawas nganggo bakal sing anyar.
Awit tambalan kuwi bakal nyuwèkaké
sandhangan mau, malah njalari suwèké
saya amba.
17 Mengkono uga ora ana wong sing
nyimpen anggur anyar ana ing impes
sing lawas, sing digawé saka lulang,
merga yèn mengkono impes mau mesthi
bedhah. Angguré bakal wutah lan impesé
ora kena dienggo menèh. Anggur sing
anyar kudu disimpen ing impes sing
anyar uga, supaya loro-loroné tetep
apik."
18 Sajroné Gusti Yésus isih ngandikan
karo para muridé Nabi Yohanes
Pembaptis, nuli ana penggedhéné
sinagogé sowan lan matur: "Anak
kawula èstri nembé kémawon tilar-
donya. Éwasemanten kawula nyuwun,
Panjenengan kersaa rawuh sarta ndemèk
piyambakipun, supados gesang malih."
19 Gusti Yésus banjur jumeneng lan
tindak mbarengi wong mau. Para muridé
iya padha ndhèrèk.
20 Nalika semana ana wong wadon
sing lara nggrajag getih wis rolas taun
lawasé, nyedhaki Gusti saka mburi.

21 Wong mau mbatin: "Angger aku bisa
ndemèk jubahé waé, aku mesthi mari."
Wong kuwi banjur ndemèk jubahé Gusti
Yésus.
22 Nanging Gusti Yésus banjur minger.
Bareng mirsa wong wadon mau
Panjenengané banjur ngandika: "Sing
tatag atimu, enggèr! Pengandelmu sing
marasaké kowé!" Sanalika wong wadon
mau dadi waras.
23 Tindaké Gusti Yésus wis tekan
omahé penggedhéné sinagogé. Ing kono
Panjenengané pirsa wong-wong sing
arep ngunèkaké suling lagu kepatèn, lan
wong akèh liyané sing padha tangisan.
24 Gusti Yésus banjur ngandika: "Padha
metua; bocah kuwi ora mati, mung lagi
turu." Wong-wong mau padha nggeguyu
Panjenengané.
25 Bareng wong akèh mau wis padha
metu, Gusti Yésus nuli mlebu ing kamaré
bocah wadon mau, sarta ngasta tangané.
Bocahé banjur gumrégah ngadeg.
26 Kabar bab lelakon kuwi banjur
sumebar ing setanah kono kabèh.
27 Nalika Gusti Yésus tindak saka
ing kono, ana wong wuta loro sing
padha nututi Panjenengané. Wong-wong

mau padha bengok-bengok, aturé:
"Tedhakipun Dawud, nyuwun tulung!"
28 Bareng Gusti Yésus wis mlebet ing
dalem, wong wuta mau padha sowan
ing ngarsané. Banjur didangu: "Apa
kowé precaya, yèn Aku bisa marasaké
kowé?" Atur wangsulané wong loro mau:
"Inggih, kawula sami pitados."
29 Gusti Yésus nuli ndemèk mripaté
wong wuta loro mau karo ngandika:
"Padha kelakona kaya sing dadi
pengandelmu."
30 Mripaté banjur padha bisa ndeleng.
Sawisé kuwi Gusti Yésus banjur
manti-manti wong-wong mau, supaya
aja padha kandha karo sapa waé bab
prekara mau.
31 Éwasemono wong loro mau salungané
saka kono nuli padha nyritakaké marang
saben wong ing wilayah kono bab Gusti
Yésus.
32 Bareng wong wuta loro sing
diwarasaké mau wis lunga, ana wong
bisu kepanjingan dhemit disowanaké ing
ngarsané Gusti Yésus.
33 Sawisé dhemité ditundhung déning
Gusti Yésus, wong mau bisa caturan
menèh. Wong-wong sing padha ndeleng

padha gumun kabèh, ujaré: "Durung tau ana lelakon sing mengkéné iki ing tanah Israèl!"
34 Nanging wong-wong Farisi padha muni: "Enggoné nundhung dhemit kuwi rak merga olèh pangwasa saka ratuné para dhemit."
35 Gusti Yésus tumuli tindak ndlajahi kutha-kutha lan désa-désa. Panjenengané memulang ing sinagogé-sinagogé, sarta ngumumaké bab Dalaning Keslametan tumrap wong dosa, supaya bisa dadi umat ing Kratoné Allah. Panjenengané iya marasaké wong-wong sing padha nandhang lara rupa-rupa lan sing awaké padha cacad.
36 Mirsa wong akèh mau Gusti Yésus trenyuh banget penggalihé merga saka welas. Wong-wong mau katon yèn kesel lan ora kopèn; kaya wedhus sing ora ana pangoné.
37 Gusti Yésus banjur ngandika marang para muridé: "Sing kudu dienèni akèh, nanging wong sing derep mung sethithik.
38 Mulané padha nyuwuna marang sing kagungan panèn, supaya kersa nambahi cacahé wong sing derep."

10 1 Ing sawijining dina Gusti Yésus
ngempalaké muridé rolas. Para
murid mau padha diparingi pangwasa
nundhungi dhemit, marasaké sakèhing
lelara lan sarupaning cacad.
2 Jenengé rasul rolas kuwi: Simon
sing uga disebut Pétrus lan Andréas,
seduluré; Yakobus lan Yohanes, loro-loro
anaké Zébedéus.
3 Filipus lan Bartoloméus, karo Tomas;
Matius pegawé pajeg; Yakobus anaké
Alféus; Tadéus.
4 Simon sing diparabi ‘Patriot’; lan
Yudas Iskariot, sing ngulungaké Gusti
Yésus.
5 Rasul rolas kuwi nuli diutus déning
Gusti Yésus kanthi diweling mengkéné:
"Aja padha nekani daérahé wong-
wong kapir (utawa sing ora nganut
agama Yahudi). Lan aja mlebu ing
kutha-kuthané wong Samaria.
6 Nanging padha maranana wong Israèl
sing padha mursal.
7 Padha wulangen yèn Kratoné Allah
saiki wis diwiwiti.
8 Wong lara padha warasna; wong mati
padha tangèkna; wong lara kusta padha
marèkna lan dhemit-dhemit padha

tundhungen. Kowé padha olèh pangwasa
tanpa nganggo mbayar apa-apa. Dadi
pangwasa mau iya gunakna tanpa
nganggo bayaran.
9 Aja padha sangu dhuwit mas, dhuwit
slaka utawa dhuwit tembaga.
10 Lungamu aja padha nggawa
kanthong kanggo nampani sedhekah,
utawa nggawa salin klambi, utawa
sepatu, utawa teken. Awit wong
nyambut-gawé kuwi wis samesthiné
dicukupi butuhé.
11 Yèn kowé teka ing sawijining kutha
utawa désa, golèka wong sing gelem
kokpondhoki. Mondhoka ana ing omah
mau nganti salungamu saka kono.
12 Yèn kowé arep mlebu omahé wong,
uluka salam, ‘Muga Gusti Allah mberkahi
kowé kabèh.’
13 Yèn wong ing omah kono gelem
nampani kowé, salammu bakal
tumanduk marang brayat mau. Nanging
yèn padha ora gelem nampani kowé,
salammu mau bakal bali marang kowé
menèh.
14 Yèn ana omah utawa kutha sing
wongé ora gelem nampani kowé, utawa
ora gelem ngrungokaké piwulangmu,

lungaa saka panggonan kono lan ketabna
lebu sing nèmplèk ana ing sikilmu.
15 Titènana! Mbésuk ing Dina Kiamat
Gusti Allah bakal ngukum wong-wong
sing manggon ana ing kutha-kutha mau,
mangka aboté ngungkuli paukumané
wong-wong sing manggon ing kutha
Sodom lan Gomora!"
16 "Padha gatèkna: Kowé padha
Dakutus kaya wedhus ana ing antarané
asu ajag. Mulané sing ngati-ati kaya ula,
lan sing barès atimu kaya manuk dara.
17 Sing waspada marang apa waé,
sebab kowé bakal dicekel lan diladèkaké
marang pengadilan agama. Kowé bakal
padha disiksa ing papan pangibadahé
wong mau.
18 Lan kowé bakal diajokaké marang
sing padha ngasta pangwasa lan marang
para raja, merga saka Aku. Iya kuwi
wektumu nglairaké paseksi bab Aku
marang para penggedhé mau lan marang
para wong sing padha ora wanuh marang
Gusti Allah.
19 Nanging samasa kowé diladèkaké lan
arep diadili, aja padha sumelang apa
sing bakal kokaturaké, utawa kepriyé
carané matur. Kuwi kabèh sanalika iku

uga bakal kaparingaké déning Gusti
Allah marang kowé.
[20] Awit sing bakal caturan dudu kowé,
nanging Rohé Ramamu, sing ana ing
swarga lumantar kowé.
[21] Bakal kelakon ana wong masrahaké
seduluré dhéwé supaya dipatèni.
Semono uga bapak bakal masrahaké
anaké. Anak-anak bakal nglawan
bapakné lan ibuné, lan masrahaké wong
tuwané mau supaya dipatèni.
[22] Wong kabèh bakal padha sengit
marang kowé merga saka aku. Nanging
sing sapa mantep tekan wekasan, bakal
slamet.
[23] Yèn kowé dikuya-kuya ana ing
sawijining kutha, padha ngungsia
menyang kutha liyané. Kowé
Dakkandhani: Durung nganti kemput
olèhmu nglakoni tugasmu dadi
utusan ing kutha-kutha Israèl kabèh,
weruh-weruh Putrané Manungsa wis
rawuh.
[24] Murid mangsa ngluwihana guruné, lan
abdi mangsa ngungkulana bendarané.
[25] Tumraping murid wis cukup yèn bisa
dadi kaya guruné, lan abdi bisa dadi
kaya bendarané. Yèn sing duwé omah

diarani Béèlzebul,[d] apa menèh brayaté
saomah, mesthi diarani luwih ala!"
26 "Aja padha wedi marang manungsa.
Apa sing ketutupan, bakal kabukak, lan
apa sing digawé wadi, bakal kawiyak.
27 Apa sing Dakkandhakaké marang
kowé ana ing petengan, kudu
kokkandhakaké ana ing padhangan. Lan
apa sing dibisikaké ing kupingmu, kuwi
wertakna tekan ngendi-endi!
28 Aja wedi marang wong sing bisa
matèni badan. Aluwung wedia marang
Gusti Allah, sing kwasa matèni badan lan
nyawamu karo pisan ing nraka.
29 Manuk glathik loro regané rak
ora sepiraa? Éwasemono ora ana siji
waé sing tiba ing lemah, yèn durung
dikersakaké déning Ramamu ing swarga.
30 Mangka kowé kuwi, dalasan rambut
sing ana ing sirahmu wis diétung kabèh.
31 Mulané aja padha wedi! Ana ing
ngarsané Gusti Allah kowé luwih aji
ketimbang karo sakèhing manuk
glathik."
32 "Saben wong sing ngakoni dadi
murid-Ku ana ing ngareping umum, iya

---

[d]Béèlzebul: inggih menika namanipun Iblis, pengagengipun dhemit-dhemit lan sétan-sétan.

bakal Dakakoni ing ngarsané Rama-Ku
ing swarga.
33 Nanging sing sapa ing ngareping
umum sélak yèn dadi murid-Ku, wong
kuwi iya bakal Daksélaki uga ana ing
ngarsané Rama-Ku ing swarga."
34 "Kowé aja padha ngira, yèn teka-Ku
nggawa pirukun ana ing jagad. Teka-Ku
ora nggawa pirukun, nanging malah
pasulayan.
35 Sebab teka-Ku njalari anak lanang
crah karo bapakné, anak wadon crah
karo ibuné lan mantu wadon crah karo
ibuné maratuwa.
36 Lan sing bakal dadi mungsuh sing
gedhé dhéwé, yakuwi para wong kang
nunggal saomah.
37 Sing sapa nresnani bapa utawa
biyungé nganti ngungkuli tresnané
marang Aku, kuwi ora patut dadi
murid-Ku. Lan sing sapa nresnani anaké
lanang utawa anaké wadon ngungkuli
tresnané marang Aku, kuwi ora patut
dadi murid-Ku.
38 Sing sapa ora gelem mikul salibé
sarta nurut tuladha-Ku, kuwi ora patut
dadi murid-Ku.

39 Sing sapa ngéman uripé, kuwi malah bakal kélangan uripé, nanging sing sapa kélangan uripé merga saka enggoné dadi murid-Ku, kuwi malah bakal lestari urip."

40 "Sing sapa nampani kowé, kuwi uga nampani Aku. Lan sing sapa nampani Aku, kuwi iya nampani Sang Rama ing swarga, sing ngutus Aku.

41 Sing nampani wong utusané Gusti Allah, bakal tampa ganjaran kaya sing diparingaké marang utusané Gusti Allah. Lan sing sapa nampani wong, merga wong mau mursid, bakal tampa ganjarané wong mursid.

42 Lan sing sapa awèh ngombé marang salah sawijiné wong cilik iki, merga enggoné dadi murid-Ku, senajan mung banyu adhem secangkir waé, wong kuwi mesthi bakal tampa ganjaran saka Rama-Ku ing swarga."

11 1 Sawisé rampung enggoné maringi piweling marang para muridé rolas, Gusti Yésus banjur tindak memulang lan martosaké Injil ana ing kutha-kutha kono.

2 Nabi Yohanes sing nalika semana ana ing pakunjaran, mireng pawartos bab

pakaryané Gusti Yésus. Nabi Yohanes
nuli ngutus muridé sawetara sowan
marang Gusti Yésus, supaya nyuwun
pirsa mengkéné:
3 "Menapa Panjenengan menika ingkang
badhé rawuh, kados ingkang dipun
ngandikakaken déning para nabi?
Menapa kawula taksih kedah ngentosi
tiyang sanèsipun?"
4 Gusti Yésus mangsuli: "Padha balia,
aturna marang Nabi Yohanes apa sing
kokrungu lan kokdeleng:
5 Wong wuta padha bisa ndeleng,
wong lumpuh padha bisa mlaku, lan
wong lara kusta padha kawarasaké;
wong budheg bisa ngrungu, wong mati
padha diuripaké, lan wong mlarat padha
kawartanan Injil.
6 Begja wong sing precaya marang Aku
tanpa mangu-mangu!"
7 Sapungkuré para muridé Nabi
Yohanes, Gusti Yésus banjur ngandika
marang wong akèh sing lagi padha ana
ing kono bab Nabi Yohanes Pembaptis,
mengkéné: "Kowé padha marani Nabi
Yohanes ana ing ara-ara samun padha
arep ndeleng apa? Apa arep ndeleng
glagah sing kena ing angin?

8 Apa sejatiné sing kepéngin kokdeleng?
Apa wong sing nganggo sandhangan
mentèrèng? Wong sing padha nganggo
sandhangan mentèrèng kuwi manggoné
ana ing kraton!
9 Apa sejatiné sing kepéngin kokdeleng,
yèn kowé padha marani Nabi Yohanes
Pembaptis? Apa arep ndeleng nabi?
Iya pancèn! Nabi Yohanes kuwi malah
ngungkuli nabi!
10 Sebab iya Nabi Yohanes kuwi sing
disebut ana ing Kitab mengkéné:
Pangandikané Gusti Allah: ‘Iki utusan-
Ku. Aku ngutus utusan-Ku ndhisiki
lakumu, supaya ngrata dalan sing bakal
kokambah.’
11 Padha titènana! Sajagad iki ora
ana wong sing ngungkuli Nabi Yohanes
Pembaptis. Senajan mengkono wong
sing pangkaté cilik dhéwé ana ing
Kratoné Allah iku ngluwihi Nabi Yohanes
Pembaptis.
12 Wiwit nalika Nabi Yohanes Pembaptis
memulang, tekan sepréné, Kratoné
Allah kuwi dilawan déning wong-wong
sing padha ngudi ngwasani nganggo
rodha-peksa.

13 Piwulangé Agama Yahudi sing
diwulangaké déning Nabi Musa lan
para nabi liyané nganti satekané Nabi
Yohanes Pembaptis, kabèh mecakaké
bab Kratoné Allah.
14 Déné yèn kowé gelem precaya
marang piwulang mau, ngertia yèn Nabi
Yohanes Pembaptis kuwi iya Nabi Élia,
sing rawuhé wis diweca.
15 Sing sapa duwé kuping padha
ngrungokna!
16 Wong-wong jaman saiki arep
Dakupamakaké apa? Kaya bocah-bocah
sing padha dolanan ana ing pasar;
sing sakrompol celuk-celuk marang
krompolan liyané:
17 ‘Aku wis nyuling lagu pengantèn,
yagéné kowé kokpadha ora njogèd? Lan
aku wis ngidungaké kidung kepatèn,
nanging kowé kokpadha ora nangis?’
18 Nabi Yohanes sing tekané nganggo
pasa lan ora ngombé anggur, diarani:
‘Wong kesurupan sétan!’
19 Saiki Aku, Putrané Manungsa sing
teka nganggo mangan lan ngombé,
diunèkaké: ‘Delengen wong kuwi! Wong
nggragas, seneng endem-endeman
lan kancané wong durjana.’ Nanging

Gusti Allah kuwi wicaksana, lan
kawicaksanané mau dibuktèkaké srana
wohing pakaryané."
20 Sawisé mengkono, Gusti Yésus nutuh
marang kutha-kutha sing padha ora
mratobat, senajan Gusti Yésus enggoné
damel mujijat sing akèh dhéwé ana ing
kutha-kutha mau.
21 Pangandikané: "Cilaka kowé, kutha
Khorazim! Lan cilaka uga kowé, kutha
Bètsaida! Sebab saupama mujijat-
mujijat sing Daktindakaké ana ing
tengah-tengahmu kuwi kelakon ana
ing kutha Tirus lan Sidon, wong-wong
ing kana mesthi wis biyèn-biyèn padha
mratobat lan nggetuni dosané.
22 Padha titènana mbésuk ing Dina
Kiamat; paukuman tumrap kutha Tirus
lan kutha Sidon bakal luwih ènthèng
ketimbang karo paukuman tumrap
kowé!
23 Lan kowé kutha Kapèrnaum! Apa
kowé bakal disengkakaké tekan ing
swarga? Ora! Kowé malah bakal
dibuwang ing nraka. Awit saupama ing
kutha Sidon dianakaké mujijat-mujijat
kaya sing kelakon ana ing tengah-

tengahmu, kutha Sidon mesthi isih
lestari tekan sepréné.
24 Nanging kowé Dakkandhani: ‘Mbésuk
ing Dinané Kiamat, wong-wong ing
kutha Sodom bakal luwih diwelasi déning
Gusti Allah ketimbang karo kowé!’"
25 Nalika semana Gusti Yésus saos
panuwun marang Gusti Allah, aturé:
"Dhuh Rama, Gustinipun langit lan bumi!
Kawula ngaturaken agenging panuwun,
déné bab menika sedaya Paduka damel
wados tumrap tiyang-tiyang pinter lan
para sarjana. Nanging tiyang-tiyang
ingkang mboten gadhah kawruh, Paduka
paringi sumerep.
26 Inggih mekaten Rama, pamilih lan
keparengipun kersa Paduka."
27 "Samubarang kabèh wis dipasrahaké
marang Aku déning Rama-Ku. Lan ora
ana wong sing wanuh marang Sang
Putra, kejaba Sang Rama. Semono uga
ora ana sing wanuh marang Sang Rama,
kejaba Sang Putra lan wong-wong sing
diwanuhaké déning Sang Putra marang
Sang Rama.
28 Padha mrénéa, kowé sing padha
sayah merga mikul abot. Kowé bakal
Dakparengaké ngaso.

29 Dhawuh-Ku lakonana lan pitutur-Ku
gatèkna, atimu mesthi bakal ayem,
merga Aku iki alus ing budi lan
andhap-asor.
30 Awit dhawuh-Ku kuwi ora angèl lan
momotan-Ku mau ènthèng."

12

1 Nalika mbeneri dina Sabbat,
Gusti Yésus tindak ngliwati
pategalan gandum. Para rasul padha
krasa luwé, mulané padha methiki wulèn
gandum, nuli padha dipangan.
2 Bareng wong Farisi weruh, nuli padha
matur marang Gusti Yésus: "Para murid
Panjenengan sami nerak angger-angger,
awit sami nglampahi prekawis ingkang
dipun awisi ing dinten Sabbat."
3 Gusti Yésus ngandika: "Apa kowé
padha ora maca ing Kitab Suci, bab apa
sing ditindakaké déning sénapati Dawud
nalika panjenenganė lan wong-wongé
padha keluwèn?
4 Panjenenganė mlebu ing Pedalemané
Allah, banjur nedha roti sing dicaosaké
marang Gusti Allah. Semono uga para
wong sing ndhèrèkaké panjenengané.
Mangka miturut prenatané Agama
Yahudi, sénapati Dawud lan wong-wongé
mau ora kena mangan roti kuwi; awit

sing kena mangan roti kuwi mung para
imam.
5 Apa kowé padha ora maca ing
prenatané Agama sing diparingaké
déning Nabi Musa, yakuwi yèn saben
dina Sabbat para imam kang ana ing
Pedalemané Allah satemené padha nerak
prenataning dina Sabbat. Éwasemono
tindaké para imam kuwi ora salah.
6 Kowé Dakkandhani: Ing kéné ana sing
ngluwihi Pedalemané Allah.
7 Ing Kitab Suci ana tulisan: ‘Sing
Dakkersakaké kuwi kawelasan, dudu
kurban.’ Yèn kowé ngerti temenan
tegesé tulisan mau, kowé mesthi ora
bakal nyalahaké wong-wong sing bener.
8 Amarga Putrané Manungsa kuwi iya
sing kagungan dina Sabbat."
9 Gusti Yésus banjur tindak saka ing
kono menyang sinagogé.
10 Ing kono ana wong sing tanganė céko
siji. Ana wong sawetara sing pancèn
nedya arep nggolèki salahé Gusti Yésus.
Wong mau padha matur marang Gusti
Yésus: "Menapa kénging nyarasaken
tiyang ing dinten Sabbat?"
11 Pangandikané Gusti Yésus: "Menawa
ing antaramu ana sing duwé wedhus

siji, lan wedhusé mau kacemplung
ing luwangan pinuju dina Sabbat, apa
sing duwé wedhus mau ora nuli setiar
ngentasaké wedhusé mau saka ing
luwangan?
12 Apa manungsa kuwi ajiné ora
ngungkuli wedhus? Mulané kena waé
nulungi wong ing dina Sabbat."
13 Nuli ngandika marang wong
sing tangané céko mau: "Tanganmu
athungna!" Wong céko mau tumuli
ngathungaké tangané, lan tangan kuwi
nuli waras kaya tangan sijiné.
14 Wong Farisi tumuli padha metu, sarta
padha rembugan enggoné arep nyédani
Gusti Yésus.
15 Bareng Gusti Yésus mireng bab
niyaté wong Farisi enggoné arep padha
nyédani Panjenengané, banjur tindak
saka ing kono. Akèh wong sing padha
ndhèrèkaké. Kabèh wong sing lara padha
diwarasaké.
16 Nanging kabèh padha diwanti-wanti
aja padha nyritakaké marang wong liya
bab Panjenengané.
17 Srana mengkono kelakon temenan
pangandikané Gusti Allah lantaran Nabi
Yésaya, sing mengkéné:

18 "Iki abdi-Ku, pilihan-Ku. Wong sing
Dakkasihi, sing ndadèkaké senenging
ati-Ku. Roh-Ku bakal Dakparingaké
abdi-Ku iki. Sing bakal martakaké
kaadilan-Ku marang sakèhing bangsa.
19 Abdi-Ku bakal ora gelem tukar padu
utawa gembar-gembor, utawa sesorah
ing sedalan-dalan.
20 Glagah sing pepes ora bakal dicoklèk,
lan senthir sing urubé melip-melip ora
bakal dipatèni. Abdi-Ku bakal tansah
ngudi nganti olèh kaadilan.
21 Iya abdi-Ku iki sing dadi pengarep-
arepé para bangsa."
22 Nuli ana wong sing nyowanaké wong
wuta sing uga bisu lan kepanjingan
dhemit, marang Gusti Yésus. Wong
wuta mau nuli diwarasaké, nganti bisa
guneman lan bisa ndeleng.
23 Wong kabèh padha gumun banget
sarta padha muni: "Apa Panjenengané
kuwi dudu tedhaké Sang Prabu Dawud
sing wis diweca bakal rawuh?"
24 Bareng wong Farisi padha krungu
gunemané wong-wong mengkono kuwi,
banjur mangsuli: "Wong kuwi bisa
nundhung dhemit, sebab diwènèhi

pangwasa déning Béèlzebul, ratuné para
dhemit."
25 Gusti Yésus mirsa pikirané
para wong Farisi mau. Mulané nuli
ngandika: "Negara sing rakyaté padha
cecongkrahan, ora bakal lestari. Lan
kutha sing padha memungsuhan siji
karo sijiné, mesthi bubrah kabèh.
26 Semono uga ing kratoné Iblis; yèn
dhemit sing siji nundhung dhemit liyané,
kuwi ateges yèn kratoné Iblis wis bubrah
lan ora bakal lestari.
27 Kandhamu, Aku nundhung dhemit
merga diwènèhi pangawasa déning
Béèlzebul. Yèn mengkono para muridmu
sing nudhungi dhemit kuwi olèh
pangawasa saka ngendi? Para muridmu
dhéwé mbuktèkaké yèn penemumu kuwi
salah!
28 Aku nundhung dhemit srana Rohé
Gusti Allah, sing maringi pangwasa
marang Aku, kuwi ateges yèn Kratoné
Allah wis ana ing tengah-tengahmu.
29 Bisané wong mlebu ing omahé wong
sing rosa lan ngrampas bandhané, sing
duwé omah mau kudu dibanda dhisik.
Yèn wis, lagi bisa ngrampas barangé
kabèh.

30 Sapa sing ora ngrujuki Aku, kuwi
ateges nglawan marang Aku. Lan
sapa sing ora mèlu Aku ngumpulaké
wong-wong, kuwi ateges mbuyaraké!
31 Kowé Dakkandhani: Sakèhé dosa lan
penyamahé wong marang Sang Rama
bakal diapura!
32 Nanging sapa sing nyenyamah
marang Roh Suci kuwi ora bakal diapura!
Yèn ana wong sing madoni marang
Putrané Manungsa, wong kuwi bakal
diapura. Nanging wong sing madoni
marang Sang Roh Suci, kuwi babar-pisan
ora bakal diapura, dadia ing jaman saiki,
dadia ing akérat."
33 "Supaya metokaké woh sing becik,
uwité kudu becik. Yèn uwité ora becik,
wohé uga ora becik. Ala beciké uwit
ketitik saka wohé.
34 Hé, kowé anak ula! Kepriyé bisamu
ngucapaké barang sing becik, yèn atimu
dhéwé ala? Awit apa sing diucapaké
déning lambé, kuwi metu saka ing ati.
35 Wong becik mono metokaké barang-
barang sing becik saka gémbolaning
atiné sing becik. Déné wong ala,
metokaké barang-barang sing ala saka

gémbolaning atiné sing ala, awit wong
kuwi pancèn trahé wong ala.
36 Mulané padha diéling: ana ing
Dina Kiamat, saben wong bakal dituntut
tanggung jawabé tumrap saben tembung
kang tanpa guna sing tau diucapaké.
37 Sebab dhedhasar tembungmu
dhéwé, kowé bakal katetepaké, bener
apa luput."
38 Nalika semana ana ahli Torèt lan
wong Farisi padha matur marang Gusti
Yésus: "Guru, kawula sami kepéngin
sumerep mujijat saking Panjenengan."
39 Pangandikané Gusti Yésus: "Ala
temen lan gedhé temen durakané wong
jaman saiki. Lan kowé njaluk supaya Aku
gawé mujijat? Ora prelu! Kejaba mujijat
sing dialami Nabi Yunus.
40 Padha kaya Nabi Yunus ana ing
wetengé iwak telung dina telung bengi,
mengkono uga Putrané Manungsa bakal
ana ing kubur telung dina telung bengi.
41 Mbésuk ing Dina Kiamat, wong-wong
kutha Ninewé bakal padha katangèkaké
lan nggugat marang kowé. Awit wong-
wong mau wis padha mratobat saka
dosané, nalika Nabi Yunus nglantaraké
pangandikané Gusti Allah marang wong

Ninewé mau. Mangka satemené sing ana
ing kéné iki ngluwihi Nabi Yunus!
42 Mbésuk ing Dina Kiamat Putri Sang
Raja saka tanah Kidul bakal katangèkaké
sarta nggugat kowé. Awit Putri Sang Raja
kuwi keraya-raya rawuh saka negara
sing adoh banget saprelu mirengaké
piwulangé Sang Prabu Suléman.
Mangka satemené sing ana ing kéné iki,
ngungkuli Sang Prabu Suléman!"
43 "Yèn dhemit wis metu saka ing wong,
banjur nglembara golèk papan ing tanah
cengkar lan suwung, arep dienggoni.
Nanging ora nemu,
44 mulané muni mengkéné: ‘Aku
dakmbalèni omah sing wis daktinggal.’
Sawisé tekan ing omah mau, omahé
tinemu suwung, malah wis disaponi resik
lan ditata apik.
45 Dhemit mau banjur lunga ngundang
dhemit pitu liyané, sing luwih ala
ketimbang dhèwèké. Nuli padha
mlebu, sarta manggon ana ing kono.
Dadiné wong sing kepanjingan menèh
mau, alané ngluwihi sing uwis. Kaya
mengkono kuwi sing bakal kelakon
tumrap wong-wong ala ing jaman saiki."

[46] Nalika Gusti Yésus lagi ngandika
karo wong akèh mau, ibu lan sedhèrèk-
sedhèrèké padha ana ing njaba,
kepéngin ketemu karo Panjenengané.
[47] Banjur ana wong sing matur
marang Gusti Yésus: "Guru, ibu lan
sedhèrèk-sedhèrèk Panjenengan sami
wonten njawi, kepéngin kepanggih
Panjenengan."
[48] Gusti Yésus banjur ngandika, "Ibu-Ku
sapa, lan sedulur-sedulur-Ku sapa?"
[49] Karo nudingi para muridé, Gusti
Yésus ngandika: "Iki ibu-Ku lan
sedulur-sedulur-Ku!
[50] Awit sing sapa nglakoni kersané
Rama-Ku sing ana ing swarga, iya
kuwi sedulur-sedulur-Ku lanang lan
sedulur-sedulur-Ku wadon sarta ibu-Ku."

13 [1] Ing dina kuwi uga Gusti Yésus
tindak saka omah mau menyang
ing pinggiring tlaga, lan lenggah ana ing
kono.
[2] Nuli ana wong akèh padha teka
ngrubung Panjenengané. Saka akèhé
wong mau, Gusti Yésus nuli minggah ing
prau lan lenggah ana kono. Déné wong
akèh mau padha ngadeg ana ing pesisir.

3 Gusti Yésus banjur mulang bab
prekara rupa-rupa srana pasemon.
Pangandikané: "Ana wong tani nyebar
wiji.
4 Wiji mau ana sing tiba ing sauruting
dalan, banjur dicucuki manuk.
5 Ana sing tiba ing lemah padhas,
sing lemahé tipis. Wiji-wiji mau iya nuli
thukul.
6 Nanging bareng srengéngé saya
dhuwur, winih mau banjur alum, dadi
garing lan mati, awit oyodé ora jero.
7 Ana menèh wiji sing tiba ana ing
satengahé thethukulan eri. Bareng
thethukulané eri mau saya gedhé, winih
mau kelindhih, temahan mati.
8 Nanging iya ana sing tiba ing lemah
subur, temahan padha metokaké woh;
ana sing wohé tikel satus, ana sing tikel
sewidak, lan ana sing tikel telung puluh."
9 Gusti Yésus tumuli mungkasi piwulang
mau srana ngandika: "Sapa sing duwé
kuping, padha ngrungokna."
10 Para muridé Gusti Yésus tumuli
padha sowan ing ngarsané lan nyuwun
pirsa: "Menapa sebabipun déné Gusti
menawi mulang tiyang kathah kokmawi
pasemon?"

11 Gusti Yésus ngandika: "Wis dadi
kersané Gusti Allah supaya mung kowé
sing nyumurupi wewadining Kratoné
Swarga, dudu wong akèh mau.
12 Sebab wong sing wis duwé, kuwi
bakal kaparingan nganti lubèr. Nanging
wong sing ora duwé, apa saduwèké
malah bakal kapundhut.
13 Kuwi sebabé Aku yèn mulang wong
akèh nganggo pasemon. Awit senajan
mripaté padha ndeleng, wong kuwi
bakal ora weruh, lan senajan kupingé
padha ngrungu, nanging bakal padha
ora ngerti.
14 Srana mengkono kelakon temenan
apa sing diweca déning Nabi Yésaya,
mengkéné: ‛Kowé bakal bola-bali
krungu, nanging ora ngerti; kowé bakal
bola-bali ndeleng, nanging ora sumurup.
15 Awit bangsa iki ndableg; lan kupingé
budheg sarta mripaté merem dhipet.
Sebab yèn ta ora mengkono mripaté
mesthi weruh lan kupingé krungu, lan
pikirané banjur ngerti, nuli padha teka
marani Aku, lan mratobat, temahan
padha Dakwarasaké, mengkono
pangandikané Gusti Allah.’"

16 Gusti Yésus banjur ngandika marang
para muridé: "Begja kowé, sebab
mripatmu weruh lan kupingmu krungu.
17 Ngertia! Akèh para nabi lan para
wong mursid sing padha kepéngin
ndeleng apa sing padha kokdeleng,
nanging ora kelakon ndeleng, lan padha
kepéngin krungu apa sing kokrungu,
nanging ora kelakon krungu."
18 "Padha ngrungokna tegesé pasemon
bab wong nyebar wiji mau.
19 Yèn ana wong sing padha krungu
piwulang bab Kratoné Allah, nanging
ora ngerti, Iblis banjur teka lan ngrebut
piwulang sing disebar ing atiné. Kuwi
ibaraté wiji sing disebar lan tiba ing
sauruting dalan.
20 Déné wiji sing disebar lan tiba
ing tanah padhas, kuwi ibaraté wong
sing padha ngrungokaké, nuli precaya
marang piwulang mau klawan bungah.
21 Nanging pangandika mau durung
rumesep temenan ing atiné. Bareng
nemahi kasusahan lan panganiaya
merga saka enggoné precaya mau, wong
mau tumuli murtad.
22 Déné wiji sing tiba ing satengahé
thethukulan eri, kuwi ibaraté wong-wong

sing padha ngrungokaké pangandika lan
precaya, nanging banjur padha sumelang
banget, yèn merga pangandika mau
banjur ora bisa ketutugan karepé
enggoné arep urip mubra-mubru ana
ing donya kéné. Mulané pangandika sing
kasebar mau ora ngetokaké woh ing
wong mau.
23 Déné pangandika sing kasebar ing
tanah subur, kuwi ibaraté wong sing
padha ngrungokaké pangandika mau lan
precaya kanthi mantep. Mulané wong
mau ngetokaké woh akèh, ana sing tikel
satus, ana sing tikel sewidak, lan ana
sing tikel telung puluh."
24 Gusti Yésus ngandikakaké pasemon
siji menèh marang wong akèh.
Pangandikané: "Kratoné Allah kuwi kena
diibarataké wong tani sing nyebar wiji
becik ana ing pategalané.
25 Nanging ing wayah bengi, nalika
wong-wong lagi padha turu, satruné
wong tani mau teka lan nyebar
alang-alang ing tengahé gandum, nuli
lunga.
26 Bareng gandumé thukul lan metu
wulèné, alang-alangé iya banjur katon.

27 Para buruhé wong tani mau tumuli
padha mara sarta matur: ‘Kadosipun
Bapak rumiyin nyebar wiji gandum
ingkang saé wonten ing tegil menika.
Samenika kokkebak alang-alang?’
28 Wong tani mau banjur mangsuli:
‘Kuwi penggawéné satru.’ Para buruh
mau nuli matur: ‘Menapa kersanipun
Bapak, alang-alangipun kula jabuti
kémawon?’
29 Wangsulané wong tani mau: ‘Aja,
sebab yèn kowé njabuti alang-alangé,
bisa uga gandumé katut kejabut.
30 Bèn waé alang-alangé thukul bareng
karo gandumé, nganti wektuné panèn.
Aku bakal ngandhani sing padha derep:
Alang-alangé klumpukna dhisik, nuli
talènana lan obongen. Lagi sawisé kuwi
gandumé enènana, lan simpenen ing
lumbungku.’"
31 Ana menèh pasemon sing
diwulangaké déning Gusti Yésus
marang wong akèh, mengkéné: "Kratoné
Allah kuwi kena diibarataké wiji sawi
sing cilik banget, sing ditandur wong ana
ing pategalané.
32 Wiji sawi kuwi cilik banget, nanging
yèn wis thukul, godhongé ngungkuli

tanduran janganan liya-liyané. Malah
dadi wit; nganti manuk-manuk padha
teka gawé susuh ana ing wit mau."
33 Ana pasemon liyané menèh sing
diparingaké déning Gusti Yésus marang
wong akèh, mengkéné: "Kratoné Allah
kuwi kena diibarataké ragi sing dijupuk
déning wong wadon, nuli dicarubaké ing
glepung trigu telung kobokan, nganti
ragi mau mrasuk rata ing glepungé."
34 Sakèhé prekara ing dhuwur mau
diwulangaké déning Gusti Yésus marang
wong akèh srana pasemon.
35 Mengkono kelakon temenan,
pangandikané para nabi mengkéné:
"Aku bakal ngandika marang wong-wong
kuwi klawan pasemon; Aku bakal
nuduhaké prekara-prekara sing digawé
wadi wiwit saka dumadiné jagad."
36 Sawisé wong akèh mau padha
didhawuhi bubar, Gusti Yésus banjur
kondur. Para muridé tumuli padha
sowan lan matur: "Kawula sami nyuwun
keparenga Panjenengan nerangaken bab
pasemon alang-alang ingkang thukul ing
antawisipun gandum wau."

37 Gusti Yésus banjur mangsuli, pangandikané: "Wong sing nyebar wiji sing becik, yakuwi Putrané Manungsa.
38 Déné pategalané kuwi jagad. Wiji becik sing thukul, kuwi para umat ing Kratoné Allah. Alang-alang, kuwi wong-wong sing padha dadi balané Iblis.
39 Déné sing nyebar wiji alang-alang, kuwi Iblis. Mangsa panèn, kuwi wekasané jaman; lan sing padha derep, malaékat.
40 Kaya déné alang-alang banjur diklumpukaké lan diobong ing geni, mengkono uga mbésuk ing Pungkasaning Jaman.
41 Putrané Manungsa bakal ngutus para malaékaté, kadhawuhan nglumpukaké samubarang sing marakaké wong padha gawé dosa, lan nglumpukaké sakèhing wong sing nindakaké kadursilan, kapisah saka ing Kratoné Allah.
42 Wong mau kabèh bakal kacemplungaké ana ing pawon sing murub; ing kono bakal padha nandhang panyiksa lair lan batin.
43 Nanging wong sing padha nglakoni kersané Gusti Allah, bakal padha mencorong kaya srengéngé ana ing

Kratoné Allah. Mulané wong sing duwé
kuping, padha ngrungokna!"
44 "Kratoné Allah kuwi kena diibarataké
raja-brana sing kependhem ing
palemahan, sing ditemu déning wong,
banjur diurugi menèh. Saka bungahé,
wong mau banjur lunga ngedol darbèké
kabèh, nuli bali lan nuku palemahan
mau."
45 "Kratoné Allah kuwi uga kena
diupamakaké kaya déné wong dagang
sing golèk mutiara-mutiara sing larang
regané.
46 Bareng wis nemu mutiara sing adi
dhéwé, sanalika wong mau lunga ngedoli
sabarang duwèké, kanggo nuku mutiara
sing adi dhéwé mau."
47 "Kratoné Allah kuwi kaya upamané
jala, sing ditibakaké ing tlaga lan olèh
iwak rupa-rupa.
48 Bareng jala mau wis kebak, banjur
ditarik menyang dharatan déning
para nelayan. Nelayan-nelayan banjur
lungguh milihi iwak-iwak mau: Sing apik
diwadhahi, lan sing ala dibuwang.
49 Kaya mengkono uga kaanané
ing Pungkasaning Jaman. Malaékat-

malaékat bakal misahaké para wong ala
saka ing antarané para wong mursid.
50 Sawisé mengkono wong-wong ala
mau bakal dibuwang, lan kacemplungaké
ing pawon sing murub. Ana ing kono
wong-wong mau bakal padha nangis lan
nggeget untu."
51 Gusti Yésus banjur ndangu marang
para muridé: "Kowé apa padha ngerti
tegesé pasemon kuwi mau kabèh?"
Wangsulané sing padha didangu:
"Inggih, sampun mangertos."
52 Gusti Yésus banjur nerusaké
ngandika: "Mulané saben ahli Torèt sing
wis dadi umat ing Kratoné Allah, kuwi
kena diupamakaké tuwan-rumah sing
ngetokaké barang-barang sing pengaji,
sing anyar lan sing lawas, saka ing
gudhangé."
53 Sawisé rampung enggoné maringaké
pasemon-pasemon mau, Gusti Yésus
nuli tindak saka ing kono,
54 kondur menyang kutha Nasarèt.
Ana ing kana Panjenengané memulang
ing sinagogé. Wong-wong sing padha
ngrungokaké padha gumun banget,
sarta padha rerasanan: "Wong kuwi
olèhé kawicaksanan sing kaya mengkono

iku saka endi? Lan saka endi enggoné
olèh pangwasa nganti bisa gawé mujijat?
55 Apa kuwi dudu anaké si tukang kayu?
Apa dudu anaké Maryam, lan seduluré
Yakobus, Yusuf, Simon lan Yudas?
56 Lan sedulur-seduluré wadon rak
kabèh ana ing kéné? Saka endi enggoné
olèh kuwi mau kabèh?"
57 Temahan wong-wong padha nampik
marang Gusti Yésus. Gusti Yésus
nuli ngandika marang wong-wong
mau: "Sing jeneng nabi kuwi ana ing
ngendi-endi kajèn, kejaba ana ing papan
asalé lan ing omahé dhéwé."
58 Mulané Gusti Yésus ing kutha Nasarèt
kono ora nindakaké mujijat akèh, jalaran
wong ing kono padha ora precaya
marang Panjenengané.

14 1 Nalika semono Sang Prabu
Hérodès, raja ing tanah Galiléa,
mireng pawartané bab Gusti Yésus.
2 Sang Prabu banjur ngandika marang
para punggawané: "Ora liya iki mesthi
Nabi Yohanes Pembaptis, sing urip
menèh! Kuwi sebabé wong iki duwé
kasektèn kaya mengkono."
3 Iya Sang Prabu Hérodès iki sing
biyèn dhawuh nyekel Nabi Yohanes,

banjur diblenggu sarta dilebokaké ing
pakunjaran.
4 Enggoné Sang Prabu tumindak
mengkono mau, merga Nabi Yohanes
tansah ngémutaké Sang Prabu
mengkéné: "Panjenengan dalem
mboten kénging mundhut garwa
Sang Putri Hérodias! Menika nerak
Angger-anggering Agami!" Hérodias
kuwi garwané Pangéran Filipus, rayiné
Sang Prabu Hérodès.
5 Mula Sang Prabu Hérodès kepéngin
nyédani Nabi Yohanes, nanging wedi
karo wong akèh, sebab wong-wong mau
nganggep yèn Yohanes kuwi nabi.
6 Nanging kacrita, nalika lagi ana
pahargyan dina wiyosané Sang Prabu
Hérodès, putri putrané Hérodias mbeksa
ana ing satengahing pahargyan. Enggoné
mbeksa mau nengsemaké banget ing
penggalihé Sang Prabu,
7 nganti panjenengané kelair janjiné
bakal maringi apa waé sing disuwun
putri mau.
8 Wasana merga wis diajani kang ibu,
putri mau banjur munjuk: "Keparenga
kawula nyuwun sirahipun Yohanes

Pembaptis samenika ugi, kaparingna ing
baki menika!"
9 Nalika mireng panyuwun kuwi Sang
Prabu Hérodès sedhih banget. Nanging
merga wis janji ana ing ngareping wong
akèh,
10 Sang Prabu banjur utusan prejurit,
supaya nigas guluné Nabi Yohanes ana
ing pakunjaran.
11 Sirahé banjur digawa ana ing baki,
katampakaké marang putri mau, sing
banjur ngaturaké baki mau marang kang
ibu.
12 Para muridé Nabi Yohanes banjur
padha teka ngukup layoné, nuli
disarèkaké. Sawisé kuwi banjur padha
sowan marang Gusti Yésus ngaturaké
lelakon mau.
13 Bareng midhanget pawarta bab
sédané Nabi Yohanes mau, Gusti Yésus
banjur tindak saka ing kono piyambakan,
nitih prau menyang panggonan sing sepi.
Nanging wong-wong padha ngerti arep
menyang endi tindaké. Mulané banjur
padha mlaku nusul Panjenengané.
14 Bareng Gusti Yésus mandhap
saka prau lan mirsa wong akèh mau,

penggalihé trenyuh, merga saka welasé.
Wong sing lara nuli padha diwarasaké.
15 Bareng wis soré, para muridé nuli
padha sowan lan matur: "Samenika
sampun sonten, mangka panggènan
menika sepen. Langkung prayogi menawi
Panjenengan ndhawuhi tiyang-tiyang
menika késah tumbas tedha wonten ing
dhusun-dhusun."
16 Nanging Gusti Yésus ngandika: "Ora
susah padha dikon lunga. Kowé waé
padha mènèhana pangan."
17 Para murid nuli padha matur: "Kawula
namung sami gadhah roti gangsal lan
ulam kalih."
18 Dhawuhé Gusti Yésus: "Gawanen
mréné, wènèhna Aku."
19 Gusti Yésus banjur dhawuh, supaya
wong akèh mau padha lungguh ing
pasuketan. Gusti Yésus banjur tumenga
ing langit lan matur nuwun marang Gusti
Allah. Roti lan iwak tumuli diberkahi,
banjur dicuwil-cuwil lan diparingaké
marang para murid, sing banjur
ngedum-edumaké marang wong akèh
mau.
20 Wong akèh nuli padha mangan nganti
wareg. Sawisé mangan, para murid

banjur nglumpukaké sisané roti lan iwak,
nganti olèh rolas wakul kebak.
21 Sing padha mangan mau cacahé
wetara wong limang èwu, ora kapétung
wong wadon lan bocah-bocah.
22 Sawisé kuwi Gusti Yésus banjur
dhawuh marang para muridé, supaya
nunggang prau, ndhisiki nyabrang tlaga;
déné wong akèh mau padha kadhawuhan
mulih.
23 Sawisé wong akèh mau padha lunga,
Gusti Yésus banjur minggah ing gumuk
piyambakan, arep ndedonga. Bengi kuwi
Panjenengané piyambakan ana ing kono.
24 Nalika semono para murid wis ana ing
tengah tlaga. Prauné montang-manting
ditempuh déning ombak, merga anginé
nampek.
25 Kira-kira jam telu bengi Gusti Yésus
nusul para muridé, tindak napak ing
banyu.
26 Bareng para murid weruh ana wong
teka napak ing banyu, nuli padha wedi
banget. Saka wediné padha jerit-jerit:
"Ana memedi!"
27 Nanging nuli padha dingandikani
déning Gusti Yésus: "Sing tatag. Iki Aku.
Aja wedi!"

28 Pétrus banjur matur: "Gusti, menawi
èstu Panjenengan, kersaa dhawuh
supados kawula murugi Panjenengan
mlampah napak ing toya."
29 Dhawuhé Gusti Yésus: "Iya, mrénéa."
Pétrus banjur mudhun saka ing prau,
mlaku napak ing banyu, marani Gusti
Yésus.
30 Nanging bareng Pétrus krasa
santering angin ing tlaga mau, dadi
wedi lan wiwit ambles. Pétrus nuli
bengok-bengok: "Gusti, nyuwun tulung!"
31 Gusti Yésus énggal-énggal mulung
astané, nyepeng Pétrus. Pangandikané:
"Cupet temen pengandelmu! Yagéné
kowé kokmangu-mangu?"
32 Sekaroné banjur munggah ing prau.
Anginé nuli mendha.
33 Para murid sing ana ing prau mau
nuli padha sujud, nyembah marang
Gusti Yésus, karo matur: "Panjenengan
menika saèstu Putranipun Allah."
34 Sawisé nyabrang, Gusti Yésus lan
para muridé banjur padha tekan tanah
Génésarèt.
35 Bareng wong-wong ing kono padha
weruh yèn sing rawuh kuwi Gusti Yésus,
banjur padha ngabari wong-wong ing

wilayah kono kabèh. Sakèhé wong lara
banjur padha disowanaké Gusti Yésus.
36 Wong-wong mau padha matur,
keparenga mung ndemèk gombyoking
jubahé waé. Kabèh sing padha ndemèk,
padha dadi waras.

15

1 Ing sawijining dina ana wong
Farisi lan ahli Torèt saka kutha
Yérusalèm padha sowan ing ngarsané
Gusti Yésus, sarta matur mengkéné:
2 "Kénging menapa para murid
Panjenengan sami nerak adat tata-
caranipun para leluhur? Menawi badhé
nedha kokmboten sami wisuh tangan
rumiyin?"
3 Gusti Yésus paring wangsulan:
"Yagéné kowé dhéwé kokiya padha
nerak angger-anggeré Gusti Allah mung
merga kepéngin netepi adat tata-carané
leluhurmu?
4 Sebab Gusti Allah ngandika:
‘Ngajènana bapa-biyungmu’, lan menèh:
‘Sing sapa ngipat-ipati bapa lan biyungé
kudu diukum pati.’
5 Nanging kowé padha mulang
mengkéné: ‘Yèn wong wis kandha karo
wong tuwané: Barang gadhahan kula
ingkang kanggé ngopèni panjenengan,

sampun kula saosaken dhateng Gusti
Allah, wong kuwi banjur ora diwajibaké
ngopèni bapa lan biyungé menèh.’
6 Dadiné kowé wis padha ngrèmèhaké
pangandikané Gusti Allah, merga netepi
adat tata-carané leluhurmu.
7 Kowé trahé wong lamis! Cocog banget
karo pamecané Nabi Yésaya ing ngatasé
kowé:
8 ‘Wong-wong iki enggoné ngurmati Aku
mung srana lambéné, déné atiné adoh
saka Aku.
9 Tanpa guna enggoné padha
ngabekti marang Aku, sebab prenatan-
prenataning agama sing diwulangaké
kuwi satemené mung gawéané
manungsa!’"
10 Gusti Yésus nuli ndhawuhi wong-
wong padha nyedhak, banjur
dipangandikani mengkéné: "Padha
rungokna lan padha lebokna ing atimu!
11 Sing marakaké wong dadi jember,
kuwi dudu apa sing mlebu ing cangkem,
nanging apa sing metu ing cangkem."
12 Para muridé Gusti Yésus nuli
padha sowan sarta matur: "Menapa
Panjenengan pirsa, bilih pangandika

Panjenengan wau damel sakiting
manahipun para tiyang Farisi?"
13 Gusti Yésus ngandika: "Sakèhing
thethukulan sing ora ditandur déning
Rama-Ku ing swarga, bakal dibedhol.
14 Wong Farisi kuwi ora susah kokrèwès.
Kuwi panuntun-panuntun sing wuta.
Yèn wong wuta nuntun wong wuta,
loro-loroné bakal padha kacemplung ing
kalèn."
15 Pétrus banjur matur: "Kersaa
Panjenengan maringi ketrangan bab
pasemon menika wau!"
16 Pangandikané Gusti Yésus: "Apa
kowé iya durung padha ngerti?
17 Apa kowé padha ora ngerti yèn
samubarang sing mlebu ing cangkem,
kuwi parané menyang ing weteng,
banjur diwetokaké menèh saka badan?
18 Nanging apa sing metu saka ing
cangkemé wong, kuwi asalé saka ing
atiné; iya kuwi sing gawé jembering
wong.
19 Awit iya saka ing ati kuwi asalé
pikiran-pikiran sing ala, sing marakaké
wong mematèni, laku jina, cabul,
ngrampog, ngapusi lan mitenah.

20 Prekara-prekara mengkono kuwi sing gawé jembering wong. Nanging mangan ora nganggo wisuh dhisik, kuwi ora gawé jembering wong."
21 Gusti Yésus banjur tindak saka ing kono menyang panggonan ing cedhaké kutha Tirus lan kutha Sidon.
22 Nuli ana wong wadon bangsa Kenaan kono teka, sowan ing ngarsané Gusti Yésus kanthi nguwuh-uwuh: "Gusti, tedhakipun Sang Prabu Dawud, kula mugi Panjenengan welasi! Anak kula èstri kesurupan dhemit, mesakaken sanget."
23 Nanging Gusti Yésus ora paring wangsulan babar-pisan. Para muridé banjur padha nyedhaki Gusti Yésus sarta matur: "Gusti! Tiyang menika kadhawuhana késah kémawon, ketimbang terus bengak-bengok ngetutaken kita!"
24 Pangandikané Gusti Yésus: "Aku diutus marani wong-wong Israèl sing padha ketriwal."
25 Senajan Gusti Yésus wis ngandika mengkono, éwasemono wong wadon mau meksa isih nyedhaki Gusti, banjur

sujud ing ngarsané lan matur: "Gusti,
kula nyuwun tulung."
26 Nanging Gusti Yésus ngandika:
"Ora samesthiné, yèn wong njupuk
panganané anaké, diwènèhaké marang
asu."
27 "Kesinggihan Gusti," wangsulané
wong wadon mau, "nanging senajan
segawon rak inggih angsal nedha tirahan
saking méjaning bendaranipun?"
28 Gusti Yésus banjur ngandika
marang wong mau: "Ibu, gedhé temen
pengandelmu. Kelakona apa sing
kokkarepaké!" Sanalika iku uga anaké
wong wadon mau waras.
29 Gusti Yésus nuli nilar papan kono,
sarta tindak ing sauruting pasisiré Tlaga
Galiléa. Banjur minggah ing gumuk sarta
lenggah ana ing kono.
30 Wong akèh nuli padha teka nggawa
wong pincang, wong wuta, wong
lumpuh, wong bisu lan akèh wong lara
liyané. Wong-wong mau dipapanaké
ana ing sacedhaké sampéyané Gusti
Yésus. Gusti Yésus iya nuli marasaké
wong-wong mau.
31 Wong akèh sing padha ana ing kono
kabèh padha gumun banget, sebab

padha ndeleng wong bisu bisa caturan,
wong pincang mari pincangé, wong
lumpuh padha bisa mlaku, lan wong
wuta padha bisa ndeleng. Wong akèh
mau nuli padha memuji marang Allahé
bangsa Israèl.
32 Gusti Yésus nuli nimbali para murid
lan dingandikani: "Aku mesakaké karo
wong akèh iki. Wis telung dina enggoné
ngetutaké Aku, mangka saiki wis ora ana
sing dipangan. Aku ora mentala akon
wong kuwi mulih kanthi weteng luwé,
mengko mundhak padha ambruk ana
ing dalan."
33 Para murid banjur padha matur:
"Kadospundi enggèn kawula saged
tumbas tetedhan ing panggènan ingkang
sepen mekaten, cekap kanggé tiyang
semanten kathahipun?"
34 Pangandikané Gusti Yésus: "Kowé
padha duwé roti pira?" Aturé para murid:
"Wonten roti pitu lan ulam alit-alit
sawetawis."
35 Gusti Yésus nuli ndhawuhi wong akèh
mau supaya padha lungguh ing lemah.
36 Sawisé mengkono Gusti Yésus
banjur mundhut roti pitu lan iwak-iwak
mau, nuli saos sokur marang Gusti

Allah. Roti-roti lan iwak-iwak mau nuli
dicuwil-cuwil, banjur diparingaké marang
para muridé. Déné para murid mau nuli
ngedum-edumaké marang wong akèh
mau.
37 Wong kabèh padha mangan nganti
wareg. Sawisé kuwi para murid nuli
nglumpukaké sisané roti lan iwak. Akèhé
nganti pitung rinjing kebak.
38 Cacahé wong lanang sing padha
mèlu mangan ana patang èwu, durung
kepétung wong wadon lan bocah-bocah.
39 Sawisé kuwi Gusti Yésus banjur
ndhawuhi wong-wong mau supaya
padha mulih. Panjenenganė piyambak
nitih prau, tindak menyang wilayah
Magadan.

16 1 Kacrita ana wong Farisi lan
wong Saduki padha sowan ing
ngarsané Gusti Yésus, arep nyoba
marang Panjenengané. Wong-wong mau
padha nyuwun, supaya Gusti Yésus kersa
damel mujijat, kanggo mbuktèkaké yèn
Panjenengané kuwi utusané Gusti Allah.
2 Gusti Yésus ngandika: ["Yèn soré
langité katon abang sumilak, kowé
kandha: ‘Iki bakal terang.’

3 Déné yèn ésuk langité katon abang
lan mendhung, kowé kandha: ‘Mengko
bakal udan.’ Kowé padha bisa ngramal
tekané udan lan terang srana ndeleng
tandha-tandha sing ana ing langit,
nanging tandha-tandhané jaman kowé
padha ora ngerti!"]
4 "Kowé wong ala lan wong duraka
arep nyuwun pretandha. Ora bakal
kaparingan, kejaba pretandhané Nabi
Yunus." Sawisé ngandika mengkono
Gusti Yésus banjur nilar wong-wong
mau.
5 Nalika para muridé Gusti Yésus tekan
ing sabrangé tlaga, lagi padha kèlingan
yèn ora nggawa roti.
6 Gusti Yésus ngandika: "Padha diawas
bab raginé wong Farisi lan wong Saduki."
7 Bareng krungu pangandikané Gusti
Yésus mau, para murid padha rasanan:
"Panjenengané ngandika mengkono kuwi
mesthiné merga kita padha ora nggawa
roti."
8 Gusti Yésus pirsa apa sing padha
dirembug. Mulané banjur ngandika:
"Yagéné kowé padha rerasanan bab
enggonmu ora nggawa roti? Kowé wong
sing cupet ing pengandel.

9 Apa kowé padha ora kèlingan roti
lima sing Dakcuwil-cuwil kanggo mènèhi
mangan wong limang èwu kaé? Pirang
wakul sisané sing kokklumpukaké?
10 Lan roti pitung iji sing kanggo
wong patang èwu kaé? Apa kowé ya
wis lali? Pirang rinjing sisané sing
kokklumpukaké?
11 Yagéné kowé kokora ngerti yèn sing
Dakkarepaké dudu roti kuwi? Mulané
‘padha diawas bab raginé wong Farisi lan
wong Saduki.’"
12 Wekasané para muridé Gusti Yésus
padha ngerti apa sing dikersakaké.
Gusti Yésus dhawuh supaya padha
waspada; dudu ragi sing dienggo gawé
roti, nanging supaya padha waspada bab
piwulangé para wong Farisi lan wong
Saduki.
13 Gusti Yésus tindak menyang wilayah
sacedhaké kutha Kaisaréa Filipi. Ing
kono Panjenengané ndangu marang
para muridé: "Miturut kandhané wong,
Putraning Manungsa kuwi sapa?"
14 Para murid padha mangsuli: "Wonten
ingkang mestani Panjenengan menika
Nabi Yohanes Pembaptis. Wonten
ingkang mestani Nabi Élia. Wonten malih

ingkang mestani Nabi Yérémia, utawi
salah setunggaling nabi."
15 Gusti Yésus banjur ndangu: "Lha yèn
miturut kowé dhéwé, Aku iki sapa?"
16 Simon Pétrus mangsuli:
"Panjenengan menika Sang Kristus,
Putranipun Allah ingkang gesang."
17 "Begja kowé, Simon bin Yunus,"
pangandikané Gusti Yésus, "Awit dudu
manungsa sing mendharaké marang
kowé bab kuwi, nanging Rama-Ku sing
ana ing swarga.
18 Mulané kowé Dakkandhani: Kowé
kuwi Pétrus. (Tembung ‘Pétrus’, tegesé:
watu karang) lan ana ing watu karang iki
Aku bakal ngedegaké pasamuwan-Ku,
sing ora bakal bisa ditelukaké, senajan
déning pati pisan!
19 Kowé bakal Dakpasrahi kuncining
Kratoné Allah. Apa sing koktalèni ana
ing bumi kéné, bakal ditalèni uga ana
ing swarga. Lan apa sing kokuculi ana
ing bumi kéné, kuwi uga diuculi ana ing
swarga."
20 Sawisé kuwi Gusti Yésus banjur
dhawuh marang para muridé, supaya aja
kandha-kandha marang sapa waé, yèn
Panjenenganė kuwi Sang Kristus.

21 Wiwit nalika kuwi, Gusti Yésus
mblakakaké marang para muridé,
mengkéné: "Aku kudu lunga menyang
kutha Yérusalèm lan bakal dianiaya
déning para penggedhé, para
pengareping imam lan para ahli
Torèt. Aku bakal dipatèni, nanging ing
telung dinané bakal katangèkaké!"
22 Pétrus nuli nggèrèd Gusti Yésus
nyisih lan matur marang Gusti Yésus,
aturé: "Gusti Allah nebihna Panjenengan
saking prekawis menika. Panjenengan
mboten pisan-pisan badhé ketaman
ingkang kados mekaten menika!"
23 Nanging Gusti Yésus mbalik sarta
ngandika marang Pétrus: "Sumingkira,
Iblis! Kowé ngalang-alangi Aku.
Pikiranmu kuwi pikirané manungsa;
dudu apa sing dikersakaké déning Gusti
Allah!"
24 Sawisé kuwi Gusti Yésus banjur
ngandika marang para muridé: "Menawa
ana wong arep ndhèrèk Aku, kuwi kudu
nyingkur awaké dhéwé, banjur ngangkat
salibé lan ngetutaké Aku.
25 Awit wong sing ngudi nylametaké
uripé, kuwi bakal kélangan uripé.
Nanging wong sing kélangan uripé

ing donya kéné merga saka enggoné
ndhèrèk Aku, kuwi bakal ngalami urip
sing sejati lan langgeng.
26 Apa gunané yèn wong ndarbèni
barang sadonya kabèh, nanging
kélangan uripé sing sejati? Mesthi
ora ana gunané. Urip kuwi ora kena
dilirokaké karo barang apa waé!
27 Putrané Manungsa ora suwé menèh
bakal rawuh ngagem kamulyané
Kang Rama, kadhèrèkaké déning para
malaékaté; ing kono Panjenengané
bakal ngganjar saben wong miturut
penggawéné dhéwé-dhéwé.
28 Titènana! Panunggalanmu iki ana
sing ora bakal mati, yèn durung ndeleng
Putrané Manungsa rawuh jumeneng
Raja."

17 1 Nem dina sawisé kuwi Gusti
Yésus ngajak Pétrus lan Yakobus,
tuwin Yohanes seduluré Yakobus mau,
munggah ing gunung sing dhuwur. Mung
wong telu kuwi sing ndhèrèk.
2 Nalika lagi padha nyawang Gusti
Yésus, Panjenengané malih rupa:
Pasuryané sumunar kaya srengéngé lan
agemané katon putih gilap mawa cahya.

3 Para murid telu mau nuli padha weruh
Nabi Musa lan Nabi Élia ngendikan karo
Gusti Yésus.
4 Pétrus banjur matur marang Gusti
Yésus: "Gusti! Wonten ing ngriki kita
sami remen saèstu! Menawi Gusti
marengaken, kawula badhé ngedegaken
tarub tiga; setunggal kagem Gusti,
setunggal kagem Nabi Musa lan
setunggalipun malih kagem Nabi Élia."
5 Sajroné Pétrus lagi matur, ana méga
sing padhang banget tumurun ngemuli
wong-wong sing padha ana ing kono, lan
banjur ana swara saka sajroning méga
mau, ngandikané: "Iki Putra-Ku kinasih,
sing gawé renaning penggalih-Ku. Padha
rungokna!"
6 Bareng para muridé Gusti Yésus
ngrungu swara mau, temahan padha
wedi banget, nganti padha sumungkem
ing bumi.
7 Nanging Gusti Yésus nyelaki para
muridé mau sarta njawil, dhawuhé:
"Padha ngadega. Aja padha wedi!"
8 Bareng padha ngadeg, sing katon
mung kari Gusti Yésus piyambak lan ora
ana wong liyané menèh.

9 Nalika padha mudhun saka ing
gunung, Gusti Yésus meling marang
para muridé: "Poma, apa sing kokdeleng
mau aja kokkandhakaké karo sapa
waé, sadurungé Putrané Manungsa
kawungokaké saka ing séda."
10 Para murid mau padha nyuwun pirsa
marang Gusti Yésus: "Kénging menapa
para ahli Torèt sami criyos, bilih Nabi Élia
badhé dhateng rumiyin?"
11 Pangandikané Gusti Yésus: "Pancèn
Nabi Élia rawuh dhisik lan panjenengané
bakal nyawisaké samubarang kabèh.
12 Nanging kowé Dakkandhani, yèn
Nabi Élia wis rawuh, mung waé
wong-wong padha ora wanuh marang
panjenengané; malah panjenengané
digawé sewenang-wenang. Kaya
mengkono uga wong-wong kuwi bakal
tumindak sewenang-wenang marang
Putrané Manungsa."
13 Wusana para murid padha ngerti yèn
Nabi Élia, sing dikersakaké déning Gusti
Yésus, kuwi Nabi Yohanes Pembaptis.
14 Bareng Gusti Yésus lan para muridé
wis padha bali ana ing panggonané
wong akèh menèh, ana wong sowan ing
ngarsané, banjur sujud lan matur:

15 "Gusti, anak kawula mugi
Panjenengan welasi. Piyambakipun
sakit ayan. Sesakitipun menika sampun
sanget, ngantos larénipun asring dhawah
ing latu utawi wonten ing toya.
16 Sampun kawula bekta dhateng
para murid Panjenengan, nanging sami
mboten saged nyarasaken."
17 Gusti Yésus ngandika: "Kowé kuwi
wong sing padha cupet ing pengandel
lan keblinger. Pira lawasé enggon-Ku
isih kudu ana ing antaramu. Pira lawasé
enggon-Ku isih kudu nyabari kowé?
Bocah kuwi gawanen mréné!"
18 Gusti Yésus banjur nundhung dhemit
sing nyurupi bocah kuwi. Dhemité iya
nuli metu lan bocahé waras sanalika.
19 Sawisé kuwi para muridé Gusti
Yésus nuli padha marani Panjenenganè
piyambakan, banjur padha matur:
"Sebab menapa kawula sami mboten
saged nundhung dhemit menika?"
20 Pangandikané Gusti Yésus: "Merga
saka kuranging pengandelmu. Delengen!
Saupama kowé duwé pengandel sing
gedhéné mung sawiji sawi waé, kowé
bisa akon marang gunung iki: ‘Pindhaha
mrana!’, mesthi gunung mau bakal

pindhah; lan ora ana barang sing mokal
ing ngatasé kowé.
21 [Nanging dhemit sing kaya ngéné iki
nundhungé mung srana pandonga lan
pasa.]"
22 Nalika para muridé Gusti Yésus lagi
padha ngumpul ing tanah Galiléa, Gusti
Yésus ngandika marang para murid mau
mengkéné: "Ora suwé menèh Putrané
Manungsa bakal diulungaké marang
wong-wong,
23 sarta bakal disédani, nanging ing dina
sing kaping teluné bakal ditangèkaké
menèh." Mulané para muridé padha
susah banget.
24 Bareng padha mlebu ing kutha
Kapèrnaum, wong-wong sing nariki
pajeg kanggo Pedalemané Allah padha
marani Pétrus lan takon: "Menapa
Guru panjenengan inggih mbayar pajeg
kanggé Pedalemanipun Allah?"
25 Wangsulané Pétrus: "Inggih."
Nalika Pétrus bali — sadurungé Pétrus
matur apa-apa — Gusti Yésus ndhisiki
ngandika: "Simon, panemumu kepriyé?
Sapa sing kudu mbayar béya utawa
pajeg marang raja ing donya kéné?
Kawulané apa wong liya?"

[26] Wangsulané Pétrus: "Inggih tiyang-
tiyang sanès." Gusti Yésus ngandika
menèh: "Dadiné rak dudu para kawula?
[27] Nanging kita aja gawé laraning atiné
wong kuwi. Lungaa menyang tlaga,
mancinga. Iwak sing kokpancing kena
dhisik dhéwé kuwi cekelen. Ing jero
cangkemé, kowé bakal nemu dhuwit.
Jupuken, bayarna marang wong-wong
mau, kanggo Aku lan kowé."

18 [1] Ing nalika semana para muridé
Gusti Yésus padha sowan ing
ngarsané sarta nyuwun pirsa: "Sinten
tiyang ingkang pinunjul piyambak
wonten ing Kratonipun Allah?"
[2] Gusti Yésus banjur nimbali bocah cilik
siji, didhawuhi ngadeg ing ngarepé para
murid.
[3] Gusti nuli ngandika: "Ngertia! Menawa
kowé ora mratobat lan ora dadi kaya
bocah cilik iki, kowé ora bisa ngrasakaké
Kratoné Allah ana ing uripmu.
[4] Wong sing pinunjul dhéwé ing Kratoné
Allah kuwi wong sing ngasoraké awaké
lan dadi kaya bocah cilik iki.
[5] Lan sing sapa nampani bocah cilik sing
kaya ngéné iki krana Aku, kuwi Aku sing
ditampani."

6 "Sing sapa njalari salah sawijining
bocah cilik sing precaya marang Aku
nganti nyingkur Aku, luwih becik yèn
wong kuwi guluné dibandhuli watu
penggilingan lan dicegurakė ing segara
sing jero.
7 Iba cilakané jagad iki, déné ana
panggodha nganti njalari ana wong
nglakoni dosa. Prekara-prekara sing
mengkono kuwi pancèn selawasé bakal
ana, nanging cilaka, wong sing dadi
jalarané.
8 Yèn tanganmu utawa sikilmu dadi
jalarané kowé gawé dosa, kethoken lan
buwangen. Sebab luwih becik tumraping
kowé urip nunggil karo Gusti Allah tanpa
tangan sesisih utawa tanpa sikil sesisih,
ketimbang karo tanganmu lan sikilmu
karo-karoné ganep, nanging awakmu
sekojur kacemplungaké ing genining
nraka.
9 Lan yèn mripatmu sing njalari kowé
gawé dosa, cukilen lan buwangen. Sebab
luwih becik kowé urip nunggil karo Gusti
Allah klawan mripat siji, ketimbang karo
kacemplungaké ing geni nraka klawan
mripat sing isih ganep.

10 Awas! Kowé aja ngrèmèhaké salah
siji saka panunggalané bocah-bocah
cilik iki. Ngertia, para malaékaté
bocah-bocah cilik kuwi tansah padha
ngadhep Rama-Ku ing swarga.
11 [Sebab rawuhé Putrané Manungsa
kuwi prelu nylametaké wong sing
kesasar!]"
12 "Kepriyé penemumu? Upamané ana
wong duwé wedhus satus, banjur ana siji
sing ketriwal, apa sing bakal ditindakaké
déning wong mau? Apa wong mau ora
banjur ninggal wedhusé sing sangang
puluh sanga ana ing pangonan, nuli
lunga nggolèki wedhus siji sing ketriwal
mau?
13 Déné yèn bisa nemokaké wedhus
sing ilang kuwi, mesthi wong mau luwih
bungah ing ngatasé wedhus siji kuwi,
ketimbang karo wedhus sangang puluh
sanga sing ora ketriwal.
14 Mengkono uga Ramamu ing swarga
ora ngersakaké yèn panunggalané
bocah-bocah cilik kuwi ana siji waé sing
ketriwal."
15 "Yèn sedulurmu duwé keluputan,
paranana lan tuduhna luputé. Kuwi
tindakna klawan sesidheman, ijèn

padha ijèn. Yèn sedulurmu mau nggugu
tembungmu, ateges kowé bathi, awit ora
kélangan sedulur.
16 Nanging yèn wong mau ora gelem
manut marang pituturmu, ngajaka wong
siji utawa loro engkas. Sebab ing Kitab
Suci katulis, yèn saben pandakwa kudu
dikuwataké déning seksi loro utawa telu.
17 Déné yèn wong sing keluputan mau
ora manut marang pituturé wong-wong
kuwi, prekarané banjur aturna marang
pasamuwan. Déné yèn sawisé kuwi
meksa ora manut marang pituturé
pasamuwan, wong kuwi anggepen wong
kapir utawa juru mupu béa."
18 "Padha élinga! Apa sing koktalèni ana
ing donya kéné, uga bakal kataléna ana
ing swarga. Lan apa sing kokudhari ana
ing donya kéné, uga bakal kaudharan
ana ing swarga.
19 Lan iya élinga: Yèn ana wong loro
panunggalanmu sing saiyeg ndedonga
nyuwun apa waé, pandonga mau bakal
dikabulaké déning Ramamu ing swarga.
20 Sebab samasa ana wong loro utawa
telu padha kumpul bebarengan klawan
nyebut jeneng-Ku, Aku uga ana ing
kono."

21 Sawisé kuwi Pétrus banjur sowan
ing ngarsané Gusti Yésus lan matur:
"Gusti, menawi sedhèrèk kawula
wongsal-wangsul damel kalepatan
dhateng kawula, ngantos kaping pinten
enggèn kawula kedah ngapunten?
Menapa ngantos kaping pitu?"
22 Gusti Yésus ngandika: "Ora mung
ping pitu, nanging nganti ping pitung
puluh kaping pitu!
23 Sebab Kratoné Allah kuwi kaanané
kaya pasemon iki: Raja sing nganakaké
étang-étangan karo abdiné.
24 Bareng dianakaké pepriksan, ana
abdi sing disowanaké. Abdi mau utangé
pirang-pirang yuta.
25 Mangka wong mau ora bisa nyaur.
Mulané sang raja dhawuh supaya abdi
kuwi diedol saanak-bojoné lan sabarang
darbèké kabèh, kanggo nglunasi utangé.
26 Abdi mau tumuli sujud sumungkem
ing ngarsané raja mau, sarta matur:
‘Gusti, mugi kersaa nyabari kawula.
Sedaya sambutan kawula badhé kawula
lunasi.’
27 Sang Prabu mesakaké, nganti wong
mau diluwari lan utangé kabèh dililakaké.

28 Nanging saunduré saka kono, abdi
mau kepethuk karo kancané padha
abdi, sing duwé utang marang dhèwèké
sawetara èwu. Kancané mau nuli dicekel
lan ditekak guluné, karo muni: ‘Sauren
utangmu!’
29 Kancané mau nuli ngasih-asih njaluk
piwelas: ‘Kula aturi sabar sawetawis.
Sambutan kula badhé kula lunasi
sedaya.’
30 Nanging abdi mau ora ngrèwès
marang sambaté kancané. Malah
kancané mau nuli dilebokaké ing
pakunjaran, nganti salunasé utangé.
31 Nalika abdi-abdi liyané padha ngerti
lelakon mau, padha sedhih banget,
banjur padha ngaturaké marang Sang
Prabu.
32 Sang Prabu nuli nimbali abdi sing ala
atiné mau lan didukani: ‘Kowé iki wong
sing jahat banget! Aku wis nglilakaké
utangmu kabèh sing semono akèhé,
merga saka panyuwunmu.
33 Apa ora wis samesthiné kowé melasi
kanca-kancamu padha abdi, kaya
enggonku wis melasi kowé?’
34 Saka dukané, Sang Prabu banjur
nglebokaké abdi sing ala atiné mau ana

ing pakunjaran. Wong mau terus ana ing
kono nganti utangé lunas kabèh."
35 Gusti Yésus mungkasi piwulangé
srana ngandika: "Semono uga Rama-Ku
ing swarga bakal tumindak kaya
mengkono marang kowé, yèn kowé
ora ngapura marang sedulurmu klawan
éklasing ati."

19
1 Sawisé mungkasi piwulangé
mau, Gusti Yésus banjur tindak
saka ing daérah Galiléa menyang daérah
Yudéa, ing sabrangé Kali Yardèn.
2 Akèh wong sing padha ndhèrèkaké lan
padha diwarasaké kabèh ana ing kono.
3 Nuli ana wong Farisi sing padha
sowan, arep nyoba marang Gusti Yésus.
Aturé wong-wong mau: "Miturut Angger-
anggering Torèt, tiyang menapa kénging
megat sémahipun manut sapikajengipun
piyambak?"
4 Gusti Yésus ngandika: "Apa kowé
padha ora maca ing Kitab Suci, yèn Gusti
Allah enggoné nitahaké manungsa kuwi
wiwit sekawit arupa lanang lan wadon?
5 Lan Gusti Allah ngandika: ‘Mulané
wong lanang kuwi kudu ninggal bapa
lan biyungé sarta banjur dadi siji karo

rabiné, temah loro-loroné padha dadi
daging siji’.
6 Wong loro mau wis ora loro menèh,
nanging mung siji. Awit saka kuwi
manungsa ora kena misah apa sing wis
katunggilaké déning Gusti Allah."
7 Wong Farisi mau banjur padha matur:
"Menawi makaten, menapa sebabipun
déné Nabi Musa dhawuh supados
nyukani serat pegat, samasa tiyang
megat sémahipun? Menapa menika
mboten ateges Nabi Musa ngéngingaken
tiyang sami pegatan?"
8 Gusti Yésus ngandika: "Nabi Musa
enggoné nglilani kowé megat rabimu,
kuwi merga kowé padha ora kena
dikandhani. Nanging ing wiwitan mula
ora kaya ngono kuwi.
9 Dakkandhani: Sing sapa megat rabiné,
mangka bojoné mau ora laku jina, lan
banjur rabi karo wong wadon liyané,
wong kuwi laku jina."
10 Para muridé Gusti Yésus banjur padha
matur: "Menawi kawontenanipun tiyang
sesémahan kados mekaten, langkung
saé mboten émah-émah kémawon."
11 Gusti Yésus ngandika: "Ora saben
wong bisa nglakoni mengkono. Mung

wong sing wis kapiji déning Gusti Allah,
sing bisa nglakoni.
12 Sebab ana wong sing ora bisa
omah-omah, merga wiwit lair mula
kaananané mengkono. Ana uga sing ora
bisa omah-omah, merga didadèkaké
mengkono déning wong liya. Lan ana
menèh wong sing milih ora omah-omah
metu saka karepé dhéwé, supaya bisa
luwih mligi enggoné nglakoni ayahan
peparingé ing Kratoné Gusti Allah. Sapa
sing bisa nglakoni, karebèn nglakoni."
13 Tumuli ana wong-wong sing padha
nyowanaké bocah-bocah ana ing
ngarsané Gusti Yésus, supaya diberkahi
lan didongakaké. Nanging wong-wong
mau padha disrengeni déning para
muridé.
14 Mulané Gusti Yésus ngandika marang
para muridé: "Karebèn bocah-bocah
kuwi padha mréné. Aja kokalang-alangi.
Sebab wong-wong sing kaya bocah iki
sing dadi kawula ing Kratoné Allah."
15 Gusti Yésus nuli numpangi asta
marang bocah-bocah mau sarta banjur
tindak saka kono.
16 Ing sawijining dina ana wong
nonoman sowan ing ngarsané Gusti

Yésus, matur mengkéné: "Guru, supados saged pikantuk gesang langgeng, kula kedah nglampahi pendamel saé menapa?"
17 Pangandikané Gusti Yésus: "Apa sebabé kowé koktakon marang Aku bab apa sing becik? Mung siji sing becik, yakuwi Gusti Allah. Éwadéné yèn kowé kepéngin olèh urip langgeng, kowé kudu netepi sakèhing angger-anggeré Gusti Allah."
18 Unjuké wong mau: "Angger-angger ingkang pundi?" Wangsulané Gusti Yésus: "Kowé aja mematèni, kowé aja laku jina, kowé aja nyenyolong, kowé aja ngucapaké paseksi goroh.
19 Kowé ngajènana bapa-biyungmu, lan tresnaa marang sapepadhamu, kaya enggonmu tresna marang awakmu dhéwé."
20 Atur wangsulané nonoman mau: "Sedaya angger-angger menika sampun kula tetepi. Taksih kirang menapa malih?"
21 Pangandikané Gusti Yésus: "Yèn kowé kepéngin sampurna, barang darbèkmu edolen kabèh. Pepayoné wènèhna marang wong miskin, temahan

kowé bakal olèh bandha ana ing swarga.
Sawisé kuwi, mrénéa, mèlua Aku."
22 Bareng krungu pangandika
mengkono, nonoman mau banjur
mundur klawan sedhih, merga wong
mau sugih banget.
23 Gusti Yésus nuli ngandika marang
para muridé: "Kowé padha Dakkandhani.
Iba angèlé wong sugih dadi kawula ana
ing Kratoné Allah.
24 Dakambali menèh kandha-Ku; luwih
gampang unta mlebu ing bolonganing
dom, tinimbang karo wong sugih dadi
umat ana ing Kratoné Allah."
25 Bareng ngrungu pangandika mau,
para muridé Gusti Yésus padha gumun
banget, banjur padha rerasanan: "Yèn
mengkono sapa wong sing bisa slamet?"
26 Gusti Yésus nuli mirsani marang
para muridé sarta ngandika: "Tumraping
manungsa prekara kuwi mokal, nanging
tumrapé Gusti Allah, ora ana barang sing
mokal."
27 Pétrus tumuli matur marang Gusti
Yésus: "Kawula sedaya sampun sami
nilar samukawis, nunten ndhèrèk
Panjenengan. Kawula sami badhé angsal
menapa?"

28 Pangandikané Gusti Yésus: "Kowé
padha Dakkandhani: Mbésuk ing jaman
wekasan, Putrané Manungsa bakal
lenggah ing dhampar kamulyan. Ing
wektu kuwi kowé sing wis padha ndhèrèk
Aku, iya bakal linggih ing dhampar sarta
ngadili taler Israèl rolas!
29 Lan saben wong sing wis ninggal
omahé, utawa seduluré lanang,
utawa seduluré wadon, utawa bapak-
ibuné, utawa anak-anaké, apa déné
palemahané, merga saka Aku, wong
kuwi bakal tampa ijolé tikel satus, lan
uga bakal olèh urip langgeng.
30 Nanging akèh wong sing tekané
dhisik bakal dadi kèri dhéwé, lan akèh
wong sing tekané kèri bakal dadi sing
dhisik dhéwé."

20 1 "Kratoné Allah kuwi kena
diupamakaké wong duwé kebon
anggur. Ing wayah ésuk wong mau metu
golèk buruh kanggo nggarap keboné
anggur.
2 Sawisé wong mau sarujuk mbayar
saben wong siji sedina sedinar, banjur
akon para buruh mau nyambut-gawé ing
keboné anggur.

3 Kira-kira jam sanga ésuk wong sing
duwé kebon anggur mau lunga menèh
lan weruh wong sawetara lagi padha
nganggur ana ing pasar,
4 banjur dikandhani: ‘Padha nyambut-
gawé ing kebonku anggur. Kowé bakal
dakopahi miturut apa mesthiné.’
5 Wong-wong mau uga tumuli mangkat.
Kira-kira jam rolas lan jam telu awan
wong sing duwé kebon anggur mau
lunga menèh lan nindakaké kaya ing
ngarep mau.
6 Kira-kira jam lima soré wong mau
lunga menèh lan weruh wong-wong
sing uga padha nganggur, banjur padha
ditakoni: ‘Yagéné padha nganggur ana
ing kéné sedina muput?’
7 Wangsulané sing padha ditakoni: ‘Awit
mboten wonten tiyang ingkang nyukani
pedamelan.’ ‘Yèn mengkono, kowé padha
nyambuta-gawé ing kebonku anggur!’
ujaré sing duwé kebon.
8 Bareng wis surup, sing duwé kebon
mau kandha marang mandhoré:
‘Buruh-buruh kuwi padha undangen,
padha wènèhana opahé, wiwit saka sing
tekané kèri dhéwé nganti tekan sing
dhisik dhéwé.’

9 Wong-wong sing padha wiwit
nyambut-gawé kira-kira jam lima soré
nuli teka, lan diopahi sedinar.
10 Sawisé kuwi nuli sing mlebu luwih
ésuk padha mara. Pengirané bakal padha
tampa luwih akèh. Nanging jebul iya
tampa sedinar wong siji.
11 Nalika padha nampani opahé,
wong-wong mau padha nggrundeli sing
duwé kebon.
12 Pangucapé: ‘Para berah ingkang sami
mlebet kantun piyambak menika rak
namung sami nyambut-damel setunggal
jam. Kula sami nyambut-damel sedinten
muput lan sami kebentèren; kénging
menapa tiyang-tiyang wau panjenengan
paringi opah sami kaliyan kula?’
13 Wong sing duwé kebon mau
mangsuli: ‘Lo, aku rak ora keluputan
karo kowé. Kowé rak wis sarujuk nampa
opah sedinar sedina?
14 Tampanana opahmu lan lungaa. Iki
wis dadi karepku mènèhi wong sing
mlebu kèri dhéwé padha karo sing
dakbayaraké marang kowé.
15 Apa aku ora olèh migunakaké barang-
barangku dhéwé manut sakarepé atiku?

Apa sebabé kowé mèri yèn aku loma
marang wong liya?’"
16 Gusti Yésus banjur ngandika: "Iya
kaya mengkono kuwi wong-wong sing
tekané kèri bakal dadi dhisik dhéwé lan
wong-wong sing padha teka dhisik bakal
dadi sing kèri dhéwé!"
17 Nalika arep tindak menyang kutha
Yérusalèm, ana ing dalan Gusti Yésus
nimbali para muridé rolas ndhéwé.
Banjur ngandikani mengkéné:
18 "Padha rungokna! Saiki kita padha
menyang kutha Yérusalèm. Ana ing kana
Putrané Manungsa bakal dipasrahaké
marang para pengareping imam lan
para ahli Torèt. Wong-wong mau bakal
netepaké paukuman pati marang
Panjenengané.
19 Sawisé kuwi wong-wong mau bakal
masrahaké Panjenengané marang wong-
wong dudu Yahudi, supaya dipoyoki
lan dipecuti, banjur disalib. Nanging
ing telung dinané Panjenengané bakal
kawungokaké menèh saka ing pati."
20 Somahé Zébedéus sowan ing
ngarsané Gusti Yésus karo anak-anaké,
banjur sujud lan arep ngaturaké
panyuwunan.

21 Gusti Yésus ndangu: "Kowé arep
matur apa?" Aturé somahé Zébedéus:
"Panjenengan kersaa paring prejanji,
bilih mbénjing samasa Panjenengan
jumeneng Raja, anak kawula kekalih
menika keparenga linggih ing sisih
tengen lan ing sisih kiwa Panjenengan."
22 Gusti Yésus ngandika: "Kowé kuwi
padha ora ngerti apa sing koksuwun.
Apa kowé wani ngombé saka tuwung
sing kudu Dakombé?" Wangsulané sing
padha kadangu: "Inggih wantun."
23 Gusti Yésus tumuli ngandika: "Pancèn
kowé iya bakal padha ngombé saka
tuwung sing bakal Dakombé. Nanging
bab sapa sing bakal lungguh ing sisih
tengen lan ing sisih kiwa-Ku, kuwi
Aku ora wenang netepaké. Kuwi bakal
kaparingaké marang wong-wong sing
wis dipilih déning Rama-Ku."
24 Bareng murid sepuluh liyané ngrungu
bab kuwi, padha nepsu marang wong
loro sasedulur mau.
25 Mulané Gusti Yésus banjur nimbali
para murid kabèh, sarta dingandikani
mengkéné: "Kowé padha ngerti, yèn
para penjajah sing duwé pangwasa
kuwi nindhes marang rakyat. Semono

uga para penggedhé padha nindakaké
pangwasané kanthi kenceng.
26 Nanging tumrapé kowé, cara sing
kaya mengkono kuwi aja koktindakaké.
Yèn ing antaramu ana sing kepéngin
dadi penggedhé, kuwi kudu dadi réwang.
27 Lan yèn panunggalanmu ana sing
kepéngin dadi pengarep, kuwi kudu dadi
batur.
28 Ora béda karo Putrané Manungsa,
enggoné rawuh ora supaya diladosi,
nanging malah ngladosi, sarta
masrahaké nyawané kanggo ngluwari
wong akèh."
29 Nalika Gusti Yésus lan murid-muridé
ninggal kutha Yérikho, akèh wong sing
padha ndhèrèkaké.
30 Ing pinggir dalan ana wong wuta loro
padha lungguh. Bareng ngrungu yèn
Gusti Yésus langkung, wong loro mau
padha nguwuh-uwuh: "Gusti, tedhakipun
Sang Prabu Dawud, mugi kersa melasi
kawula!"
31 Wong akèh sing ana ing kono padha
nepsu lan akon supaya wong loro
mau meneng. Nanging malah saya
seru panguwuhé: "Gusti, tedhakipun

Sang Prabu Dawud, mugi kersa melasi
kawula!"
32 Gusti Yésus nuli mandheg sarta
nimbali wong loro mau, pangandikané:
"Kowé padha nyuwun Dakkapakaké?"
33 Atur wangsulané sing padha
kadangu: "Gusti, kawula kepéngin
mripat kawula saged ningali!"
34 Gusti Yésus trenyuh penggalihé
merga saka welas, banjur ndumuk
mripaté wong-wong mau. Sanalika
iku uga wong loro mau banjur padha
bisa ndeleng. Tumuli padha ndèrèkaké
tindaké Gusti Yésus.

21 1 Bareng wis mèh tekan kutha
Yérusalèm, Gusti Yésus lan para
muridé padha mampir ing désa Bètfagé,
ing Gunung Zaitun. Ing kono Gusti Yésus
ngutus muridé loro ndhisiki tindaké.
2 Pangandikané: "Lungaa menyang
ing désa ngarep kono. Kowé nuli bakal
weruh ana kuldi wadon dicencang karo
beloné. Kuldi kuwi nuli uculana lan
gawanen mréné.
3 Yèn ana wong sing takon, kandhaa
waé: ‘Gusti ngersakaken ngagem.
Menawi sampun, badhé tumunten

kawangsulaken.’ Wong mau bakal
ngolèhaké."
4 Kaya mengkono kuwi supaya kelakon
apa sing wis diweca déning nabi, sing
uniné:
5 "Wartakna marang Sion, Ratumu
ngrawuhi kowé. Panjenengané kuwi alus
ing budi lan rawuhé nitih beloning kuldi."
6 Murid loro sing diutus mau tumuli
mangkat lan nglakoni apa sing
didhawuhaké déning Gusti Yésus.
7 Kuldi lan beloné dituntun. Para murid
nuli nguculi jubahé lan dislèmèkaké ing
gegeré kuldi. Gusti Yésus nuli nitih.
8 Wong akèh sing padha ana ing kono
nuli padha njèrèng jubahé ana ing dalan
sing arep dilangkungi Gusti Yésus. Wong
liyané menèh ana sing padha amèk
pang-pangé wit-witan, kasèlèhaké ana
ing dalan.
9 Wong akèh sing padha mlaku
ing ngarsané lan wingkingé Gusti
Yésus nuli wiwit padha surak-surak:
"Pinujia tedhakipun Sang Prabu Dawud!
Kaberkahana ingkang rawuh ing
Asmanipun Pangéran! Pinujia Gusti Allah
Kang Mahaluhur!"

10 Bareng Gusti Yésus mlebet ing kutha Yérusalèm, wong sakutha padha gègèr, pangucapé: "Sing rawuh kuwi sapa?"

11 Wangsulané wong akèh sing padha ndhèrèkaké Gusti Yésus: "Kuwi Nabi Yésus, saka Nasarèt, tanah Galiléa."

12 Gusti Yésus nuli rawuh ing plataranė Pedalemané Allah. Kabèh wong sing padha dol-tinuku ana ing plataranė Pedalemané Allah kono nuli diusir kadhawuhan metu. Méja-méja panggonan ngijolaké dhuwit lan bangku-bangkuné wong sing padha adol manuk dara, kabèh dijungkiraké déning Gusti Yésus.

13 Pangandikané marang wong sing padha dodolan mau: "Ana ing Kitab Suci wis ditulis, yèn Gusti Allah ngandika: ‘Pedaleman-Ku bakal disebut dalem pamujan’, nanging saiki kokdadèkaké susuhé maling!"

14 Ana ing Pedalemané Allah kono ana wong wuta lan wong lumpuh padha sowan ing ngarsané Gusti Yésus, kabèh padha diwarasaké.

15 Nanging bareng para pengareping imam lan para ahli Torèt padha weruh tumindaké Gusti Yésus sing kaya

ngono mau, banjur padha nepsu. Déné
bocah-bocah ing Pedalemané Allah
padha surak-surak: "Pinujia Tedhakipun
Sang Prabu Dawud!"
16 Para imam lan ahli Torèt mau
padha matur marang Gusti Yésus:
"Panjenengan menapa mireng
wicantenipun para laré menika?"
Pangandikané Gusti Yésus: "Iya, Aku
krungu. Apa kowé durung tau maca ing
Kitab Suci, sing uniné mengkéné: 'Laré-
laré lan bayi-bayi sampun Panjenengan
warahi memuji kalayan sampurna.'"
17 Gusti Yésus banjur nilar wong-wong
mau, miyos saka ing kutha kono,
menyang ing désa Bètani. Ana ing désa
kono Panjenengané nyaré.
18 Ésuké nalika tindak menyang kutha
Yérusalèm menèh, ana ing dalan Gusti
Yésus kraos luwé.
19 Bareng mirsa wit anjir ana ing
pinggir dalan, nuli dipurugi. Nanging
Panjenengané ora manggih woh siji-sijia;
sing ana mung godhong thok. Mulané
wit mau banjur dingandikani: "Kowé
ora bakal ngetokaké woh menèh ing
selawas-lawasé!" Sanalika wit anjir mau
dadi garing.

20 Bareng para muridé Gusti Yésus padha weruh lelakon sing kaya mengkono mau, padha gumun banget, banjur matur marang Gusti Yésus: "Kados pundi, déné wit anjir menika saged garing sanalika?"
21 Pangandikané Gusti Yésus: "Ngertia, yèn kowé precaya lan ora mangu-mangu, kowé iya bisa nindakaké kaya sing Daktindakaké marang wit anjir mau. Malah ora mung kuwi waé, nanging kowé mesthi iya bakal bisa akon marang gunung iki: ‘Mumbula lan njegura ing segara’, kuwi iya bakal kelakon.
22 Samubarang sing koksuwun ing pandonga bakal kelakon, angger kowé precaya."
23 Gusti Yésus banjur mlebet ing Pedalemané Allah, sarta memulang ana ing kono. Lagi tengah-tengahé mulang, ana pengareping imam lan para ahli Torèt padha sowan ing ngarsané lan nyuwun pirsa: "Menapa dhasaripun Panjenengan nindakaken prekawis-prekawis wau? Sinten ingkang maringi pangwaos dhateng Panjenengan?"
24 Gusti Yésus ngandika: "Aku iya arep takon marang kowé. Sawisé pitakon-Ku

kokwangsuli, nuli Aku iya bakal mangsuli
pitakonmu.
25 Enggoné Nabi Yohanes mbaptis wong
kuwi adhedhasar wewenang saka sapa?
Saka Gusti Allah, apa saka manungsa?"
Para pengareping imam sarta para ahli
Torèt mau nuli padha rembugan dhéwé.
Rasanané mengkéné: "Yèn kita matur:
‘Saking Gusti Allah’, Panjenengané
mesthi bakal ngandika: ‘Yèn mengkono
apa sebabé kowé padha ora precaya
marang Nabi Yohanes?’
26 Nanging yèn kita matur: ‘Saking
manungsa’, kita padha wedi karo wong
akèh, awit wong kuwi kabèh padha
nganggep yèn Yohanes kuwi nabi."
27 Wusana padha matur marang Gusti
Yésus: "Kula sami mboten mangertos."
Gusti Yésus banjur ngandika: "Yèn
mengkono, kowé iya ora Dakkandhani,
sapa sing paring pangwasa marang Aku
nindakaké prekara mau kabèh."
28 Gusti Yésus banjur ngandika: "Saiki
Aku arep takon, kepriyé penemumu ing
bab iki: Ana wong duwé anak loro. Wong
mau marani anaké mbarep lan muni:
‘Lé, dina iki kowé nyambuta-gawé ing
kebon anggur.’

29 Nanging anaké mangsuli: ‘Kula
mboten purun!’ Sawisé muni mengkono
anak mau keduwung, nuli mangkat
nyambut-gawé.
30 Wong mau nuli marani anaké sing
enom, lan dikandhani mengkono uga.
Anaké mau mangsuli: ‘Inggih Pak,’
nanging ora mangkat.
31 Anak loro mau sing endi sing
nindakaké karepé bapakné?"
Wangsulané wong-wong mau: "Inggih
ingkang sepuh." Pangandikané Gusti
Yésus: "Titènana! Para pegawé pajeg lan
para pelacur bakal luwih dhisik enggoné
dadi umat ing Kratoné Allah ketimbang
karo kowé.
32 Sebab Nabi Yohanes Pembaptis
rawuh lan nuduhaké dalan sing bener
marang kowé, éwasemono kowé padha
ora precaya marang panjenengané.
Nanging para wong durjana lan
para pelacur padha precaya marang
panjenengané. Déné kowé kabèh, ora
banjur ngowahi pikiranmu lan precaya
marang panjenengané."
33 Gusti Yésus ngandika: "Padha
rungokna pasemon iki. Ana wong sugih
duwé kebon anggur. Kebon mau dipageri

mubeng lan digawèkaké panggonan
kanggo meres woh anggur; semono
uga digawèkaké gubug dhuwur kanggo
jaga. Sawisé kuwi kebon anggur mau
diséwakaké marang wong sawetara.
Déné wong sugih mau nuli lunga
menyang manca negara.
34 Bareng wis wayahé panèn, sing duwé
kebon teka lan kongkonan para réwangé
menyang panggonané wong-wong sing
padha nyéwa kebon anggur mau, dikon
njaluk bagéan pametuné sing dadi haké.
35 Nanging wong-wong sing padha
diutus mau nuli dicekel déning sing
padha nyéwa kebon anggur mau, ana
sing digebugi, ana sing dipatèni, lan ana
sing dibenturi watu.
36 Sing duwé kebon mau banjur utusan
menèh réwang liyané, cacahé luwih akèh
ketimbang karo sing dhisik. Nanging
para utusan kuwi ngalami nasib kaya
utusan sing dhisik.
37 Wusana sing duwé kebon mau banjur
kongkonan anaké dhéwé, gagasané:
‘Wong-wong kuwi mesthi bakal éring
karo anakku.’
38 Kocapa wong sing padha nyéwa
mau bareng anaké sing duwé kebon

anggur teka, banjur padha rerasanan
mengkéné: ‘La, iki anaké teka. Ayo
padha dipatèni waé, supaya kita bisa
olèh warisané!’
39 Anaké sing dikongkon mau nuli
dicekel, banjur disèrèd metu saka kebon
anggur, sarta dipatèni."
40 Pendanguné Gusti Yésus, "Yèn sing
duwé kebon anggur mau teka, nuli
wong sing padha nyéwa mau bakal
dikapakaké?"
41 Wangsulané sing padha didangu:
"Temtu kémawon tiyang-tiyang awon
wau badhé dipun pejahi sedaya. Déné
kebon anggur wau lajeng badhé dipun
séwakaken dhateng tiyang sanès,
ingkang sagah nyukani bagéanipun
ingkang gadhah kebon anggur wau
pendhak panèn."
42 Mulané Gusti Yésus banjur ngandika:
"Apa kowé padha durung tau maca ing
Kitab Suci sing uniné mengkéné: ‘Watu
sing ditampik déning tukang batu, kuwi
wis dadi watu sing baku.’ [‘Sing sapa
tiba ing watu kuwi bakal ajur mumur, lan
sing ketiban watu mau bakal remuk.’]
‘Kelakoné prekara kuwi nggumunaké,
awit saka pakaryané Gusti Allah.’

Mulané Dakkandhani: Kabèh wewenang
enggonmu padha dadi umat ing Kratoné
Allah bakal dijabel saka kowé, lan
diparingaké marang bangsa liya, sing
mbangun-turut marang dhawuhé."
43 (21:42)
44 (21:42)
45 Bareng para pengareping imam lan
wong Farisi ngrungu pasemoné Gusti
Yésus mau, banjur padha rumangsa, yèn
sing disemoni kuwi dhèwèké.
46 Wong-wong mau banjur padha ngudi
kepriyé bisané nyekel Panjenenganė.
Nanging padha wedi karo wong akèh,
awit wong-wong mau padha nganggep
yèn Gusti Yésus kuwi nabi.
22 1 Gusti Yésus memulang menèh
marang wong akèh ngagem
pasemon.
2 Pangandikané: "Kratoné Gusti Allah
kuwi kena diupamakaké kaya péstané
ratu sing mantokaké putrané.
3 Ratu mau ngutus para abdiné, nimbali
wong-wong sing padha diulemi. Nanging
wong-wong mau padha ora gelem teka.
4 Nuli ratu mau ngutus utusan-utusan
liyané, sing padha diweling mengkéné:
'Kandhaa karo wong-wong sing padha

dakulemi mau yèn pahargyan mantèné
anakku wis katata. Sapi lanang lan
pedhèt-pedhèt pilihan wis disembelèh.
Samubarang wis cumawis. Ayo padha
teka ing pahargyan!’
5 Éwasemono tamu-tamu sing diulemi
ora padha maèlu. Malah padha lunga
menyang pegawéané dhéwé-dhéwé; ana
sing lunga menyang pategalané, ana
sing ngurusi daganganė;
6 lan malah ana liyané sing nyekel para
utusané ratu mau, dipilara lan dipatèni.
7 Mulané bareng mireng bab kuwi Sang
Prabu duka banget. Banjur ngutus para
prejurité, didhawuhi matèni wong-wong
sing padha matèni utusané Sang Prabu
mau.
8 Sawisé kuwi Sang Prabu nuli
nimbali para abdiné lan ngandika:
‘Pahargyan mantèn wis cumawis,
nanging wong-wong sing diulemi padha
ora pantes.
9 Mulané saiki kowé padha lungaa
ing dalan-dalan gedhé. Pira lan sapa
waé wong sing kokprangguli ing kana,
ulemana, supaya teka ing pahargyan
mantèn iki.’

10 Para abdi mau iya tumuli
padha mangkat. Kabèh wong sing
diprangguli ing dalan-dalan gedhé padha
dikumpulaké, iya wong ala, iya wong
becik. Panggonan pahargyan mau nganti
kebak tamu.
11 Sang Prabu banjur mlebet ing papan
pahargyan, mirsani para tamuné. Ing
kono mirsa ana tamu sing ora nganggo
sandhangan pésta.
12 Tamu mau banjur didangu: ‘Sedulur!
Kepriyé déné kowé bisa mlebu tekan
kéné ora nganggo sandhangan pésta?’
Tamu mau ora bisa mangsuli apa-apa.
13 Sang Prabu banjur ngandika marang
para abdi: ‘Wong iki bandanen lan
wetokna saka kéné, lebokna ing
panggonan sing peteng. Ing kono bakal
ana tangis lan panggegeting untu.’"
14 Gusti Yésus banjur mungkasi
pasemon kuwi mengkéné: "Akèh wong
sing padha ditimbali, nanging sing dipilih
mung sethithik."
15 Wong-wong Farisi nuli padha metu
saka ing kono lan padha ngrembug

kepriyé bisané nyengkolong[e] Gusti Yésus
srana pitakonan-pitakonan.
16 Para Farisi mau nuli kongkonan
murid-muridé sowan marang Gusti
Yésus, bebarengan karo wong sawetara
saka golongan Hérodian. Wong-wong
mau dikon matur marang Gusti
Yésus mengkéné: "Bapak Guru, kula
mangertos, bilih Panjenengan menika
barès, sarta mucal kanthi blak-blakan
bab kersanipun Gusti Allah tumraping
manungsa, tanpa ajrih dhateng sinten
kémawon; awit Panjenengan mboten
mawang tiyang.
17 Awit saking menika mugi
Panjenengan kersa paring katerangan:
Mbayar paos dhateng Kaisar ing Rum,
menika kénging menapa mboten?"
18 Nanging Gusti Yésus mirsa karep sing
ala kuwi, mula banjur ngandika: "Wong
lamis. Yagéné kowé nyoba marang Aku?
19 Tuduhna dhuwit sing kokenggo
mbayar pajeg kuwi." Wong mau banjur
padha ngaturaké dhuwit dinar siji.

---

[e]nyengkolong: njiret, ,tembungipun ing basa Indonesia: Menjebak.

20 Gusti Yésus banjur ndangu: "Iki
gambaré sapa lan jenengé sapa sing
ditulis ana ing dhuwit iki?"
21 Wangsulané sing padha didangu:
"Menika gambaripun Kaisar." Gusti Yésus
banjur ngandika: "Yèn mengkono caosna
marang Kaisar apa sing dadi haké Kaisar,
lan aturna marang Gusti Allah apa sing
dadi kagungané Gusti Allah."
22 Bareng krungu pangandika
mengkono, wong-wong mau padha
gumun banget. Banjur padha lunga.
23 Ing dina kuwi uga, ana wong Saduki
sawetara padha sowan ing ngarsané
Gusti Yésus. Wong-wong mau duwé
penganggep yèn wong mati mono ora
bakal tangi.
24 Banjur padha matur marang Gusti
Yésus mengkéné: "Pak Guru, Nabi Musa
ngandika: Menawi wonten tiyang jaler
pejah, mangka mboten gadhah anak,
menika sedhèrèkipun jaler kedah kawin
kaliyan randha ingkang katilar pejah
sémahipun wau, supados ingkang pejah
wau gadhaha turun.
25 Nanging naté kelampahan ing ngriki,
wonten tiyang pitu sasedhèrèk. Ingkang
mbajeng kawin, lajeng pejah, tanpa

gadhah anak. Dados randhanipun
katilaraken dhateng sedhèrèkipun.
26 Mekaten ugi sedhèrèkipun wau inggih
tilar-donya, tanpa gadhah anak. Kados
mekaten ugi sedhèrèkipun nomer tiga
lan salajengipun ngantos ingkang nomer
pitu pisan.
27 Wusana tiyang èstri wau inggih
pejah.
28 Menawi mekaten menika, mbénjing
ing dinten petangènipun tiyang pejah,
tiyang èstri wau lajeng dados sémahipun
sinten? Sebab tiyang pitu sasedhèrèk
wau sampun naté kawin kaliyan
piyambakipun."
29 Gusti Yésus ngandika: "Kowé padha
kesasar, sebab kowé ora ngerti marang
piwulangé Kitab Suci lan pangwasané
Gusti Allah!
30 Awit yèn wong mati wis padha
katangèkaké menèh, wong mau ora
bakal omah-omah lan diomah-omahaké
menèh. Wong-wong mau bakal padha
urip kaya para malaékat ing swarga.
31 Apa kowé padha ora tau maca, apa
sing dipangandikakaké déning Gusti
Allah bab petangèné wong mati? Gusti
Allah ngandika:

32 ‘Aku Allahé Abraham, Allahé Iskak
lan Allahé Yakub!’ Allah kuwi dudu Allahé
wong mati, nanging Allahé wong urip."
33 Bareng krungu ketrangané sing
kaya mengkono mau, wong akèh padha
gumun banget marang piwulangé Gusti
Yésus.
34 Bareng wong Farisi padha krungu,
yèn Gusti Yésus wis mbungkem wong
Saduki, banjur padha nglumpuk.
35 Ana siji panunggalané para ahli Torèt,
arep nyoba marang Gusti Yésus, srana
pitakonan, mengkéné:
36 "Bapak Guru, angger-angger ingkang
utami lan ageng piyambak ing salebeting
Kitab Torèt menika ingkang pundi?"
37 Gusti Yésus ngandika: "Kowé tresnaa
marang Allahmu klawan gumolonging
atimu, gumolonging nyawamu lan
gumolonging budimu.
38 Ya kuwi angger-angger sing gedhé
lan sing luhur dhéwé!
39 Déné angger-angger sing kaping
pindho, sing padha wigatiné karo sing
dhisik mau, yakuwi: Kowé tresnaa
marang sapepadhamu, kaya enggonmu
nresnani marang awakmu dhéwé.

40 Kabèh angger-angger sing kasebut
ana ing Kitab Torèt lan ing kitabé
para nabi, kuwi dhasaré ana ing
angger-angger loro mau."
41 Nalika wong Farisi isih padha
nglumpuk ana ing kono, Gusti Yésus
ndangu marang wong-wong mau,
pangandikané:
42 "Kepriyé penemumu bab Sang
Kristus? Panjenenganè kuwi tedhaké
sapa?" Wangsulané sing padha didangu:
"Tedhakipun Sang Prabu Dawud."
43 Pangandikané Gusti Yésus: "Yèn
mengkono, kepriyé déné Sang Prabu
Dawud, sing katuntun déning Rohé
Allah, koknyebut marang Sang Kristus
kuwi: 'Gusti'? Sebab Sang Prabu Dawud
ngandika:
44 'Pangéran wis dhawuh marang
Gustiku: linggiha ing tengen-Ku, nganti
sakabèhing mungsuhmu wis Daktelukaké
ing sangisoring tlapakanmu.'
45 Dadi yèn Sang Prabu Dawud nyebut
Sang Kristus kuwi 'Gusti', kepriyé déné
Sang Kristus kokdisebut uga tedhaké
Sang Prabu Dawud?"
46 Ora ana wong siji waé sing bisa
mangsuli. Wiwit dina kuwi ora ana wong

sing wani ngaturaké pitakonan marang Gusti Yésus.

23

1 Gusti Yésus banjur ngandika marang wong akèh lan marang para muridé, mengkéné:

2 "Para ahli Torèt lan wong Farisi kuwi sing wenang nerangaké angger-anggeré Nabi Musa.

3 Mulané padha lakonana lan padha turuten sakèhing piwulangé. Nanging kowé aja niru kelakuané, awit wong kuwi dhéwé ora padha nglakoni apa sing padha diwulangaké.

4 Padha gawé prenatan-prenatan sing abot, nanging wong kuwi dhéwé padha ora nindakaké.

5 Sakèhé tumindaké mau mung murih katona ing wong, kayata: padha nganggo tali sembahyang amba, padha nganggo gombyok sing dawa ana ing jubahé.

6 Padha seneng linggih ing papan kang kajèn ana ing karaméan-karaméan, lan linggih ing kursi sing ngarep dhéwé ing papan-papan pangibadah.

7 Padha seneng diurmati ing pasar-pasar lan seneng disebut ‘Guru’.

8 Nanging kowé, aja seneng yèn
disebut: ‘Guru’, awit Gurumu mung siji
lan kowé kabèh padha déné sedulur.
9 Lan aja ana wong ing donya kéné sing
koksebut: ‘Rama’, awit Ramamu mung
siji, yakuwi sing ana ing swarga.
10 Kowé aja gelem disebut ‘Panuntun’,
sebab Panuntunmu mung siji, yakuwi
Sang Kristus.
11 Sapa sing gedhé ana ing satengahmu,
kuwi dadia peladènmu.
12 Sing sapa ngluhuraké awaké dhéwé,
bakal diasoraké, déné sing ngasoraké
awaké dhéwé, kuwi bakal diluhuraké."
13 "Cilaka kowé para ahli Torèt lan wong
Farisi. Kowé padha wong lamis. Kowé
padha ngalang-alangi wong-wong sing
arep padha dadi kawulaning Kratoné
Allah. Kowé dhéwé padha ora gelem,
nanging wong liya sing padha gelem
kokalang-alangi."
14 ["Cilaka kowé para ahli Torèt lan
wong Farisi, kowé wong lamis. Kowé
padha golèk alasan rupa-rupa kanggo
meres randha-randha lan ngrampog
omahé. Banjur éthok-éthok ndedonga
dawa. Mulané kowé bakal tampa
paukuman sing luwih abot."]

15 "Cilaka kowé para ahli Torèt lan wong
Farisi! Kowé wong lamis! Kowé padha
lunga adoh, nganti nyabrang segara
lan ndlajahi dharatan, mung merga
kepéngin olèh wong siji sing nganut
agamamu, nanging yèn wong mau wis
mlebu agamamu, banjur kokdadèkaké
calon isining nraka, sing alané tikel
pindho karo kowé dhéwé!"
16 "Cilaka kowé panuntun-panuntun
picak! Kowé muni mengkéné: ‘Sing
sapa sumpah demi Pedalemané Allah,
wong kuwi ora kecencang déning
sumpahé; nanging yèn sumpah demi
emasé Pedalemané Allah, sumpah kuwi
nyencang.’
17 Kowé trahé wong bodho lan picak!
Endi sing luwih aji: emasé, apa
Pedalemané Allah sing nucèkaké emas
mau?
18 Kowé uga memulang mengkéné:
‘Sing sapa sumpah demi mesbèh, kuwi
ora kecencang déning sumpahé; nanging
sing sapa sumpah demi kurban sing
ana ing mesbèh mau, kuwi kecencang
marang sumpahé.’

19 Kowé trahé wong picak temenan.
Endi sing luwih aji, kurbané, apa
mesbèhé, sing nucèkaké kurban mau?
20 Sing sapa sumpah demi mesbèh,
kuwi sumpahé demi mesbèh lan uga
demi barang-barang sing temumpang
ana ing kono.
21 Lan sing sapa sumpah demi
Pedalemané Allah, kuwi sumpah demi
Pedalemané lan uga demi Gusti Allah
sing dedalem ana ing kono.
22 Lan sapa sing sumpah demi
swarga, kuwi ateges iya sumpah demi
dhamparing Allah lan iya demi Gusti
Allah, sing lenggah ana ing dhampar
mau."
23 "Cilaka kowé, para ahli Torèt lan
para wong Farisi. Kowé para wong
lamis. Bumbu crakèn kaya déné
telasih, adas lan jinten pisan, padha
kokbayar prasepuluhané, nanging
sing wigati dhéwé tumraping agama
koklirwakaké, yakuwi kaadilan,
kawelasan lan ketemenan. Kuduné rak
sing siji ditindakaké, nanging sijiné aja
dilirwakaké.

24 Kowé panuntun-panuntun sing picak. Lemut koksaring saka ombèn-ombènmu, nanging unta kokulu!"

25 "Cilaka kowé para ahli Torèt lan wong Farisi! Kowé padha wong lamis. Sebab cangkir lan piring padha kokresiki njabané, mangka ing njeroné kebak rereged saka enggonmu ngrampas, merga saka srakahmu.

26 Kowé wong Farisi sing picak. Resikana dhisik njeroné cangkir lan piring-piring kuwi, supaya njabané iya bisa dadi resik!"

27 "Cilaka kowé, para ahli Torèt lan wong Farisi! Kowé padha wong lamis! Sebab kowé padha kaya kuburan, sing dilabur putih. Saka njaba pancèn katon apik, nanging njeroné kebak balungé wong mati sing wis bosok kabèh.

28 Mengkono uga kowé. Saka njaba, kowé katon mursid; nanging njeroning batinmu kebak lelamis lan duraka."

29 "Cilaka kowé, para ahli Torèt lan wong Farisi! Kowé wong lamis! Kowé padha mbangun pesaréané para nabi lan ngrengga tugu pengéling-élingé para wong mursid.

30 Lan kowé padha muni: ‘Saupama
aku urip nalika jamané para leluhurku,
aku mesthi ora padha mèlu matèni para
nabi.’
31 Dadiné kowé dhéwé padha ngakoni
yèn kowé kuwi padha turuné wong-wong
sing padha matèni nabi-nabi!
32 Yèn mengkono, terusna lan kebakana
sundukané dosa-dosané para leluhurmu
kuwi!
33 Kowé padha wong goroh! Lan trahé
wong goroh, kepriyé enggonmu bisa
ngoncati paukumané nraka?
34 Mulané rungokna sing temenan. Aku
bakal ngutus nabi-nabi, wong-wong
wicaksana lan ulama-ulama nekani
kowé. Ana sing bakal tumuli kokpatèni,
liyané ana sing koksalib, ana menèh
sing bakal koksiksa ing papan-papan
pangibadahmu, lan kokoyak-oyak saka
kutha siji menyang kutha sijiné.
35 Wekasané paukuman tumrap
enggonmu matèni wong-wong sing
ora salah kuwi bakal katempuhaké
marang kowé, wiwit saka Abil, wong
sing mursid kuwi, nganti tekan Zakharia
anaké Bérékia, sing kokpatèni ana ing

Pedalemané Allah, ing antarané papan
suci lan mesbèh.
36 Ngandela: Kabèh kuwi bakal
ditempuhaké marang wong-wong ing
jaman saiki."
37 "Yérusalèm, Yérusalèm! Kowé wis
matèni nabi-nabi, lan mbenturi watu
para utusan sing diutus Gusti Allah
nemoni kowé. Wis nganti ping pira
enggon-Ku kepéngin nglumpukaké
anak-anakmu kaya babon enggoné
nglumpukaké kuthuk-kuthuké ing
sangisoring swiwiné? Nanging kowé
padha ora gelem!
38 Titènana, omahmu iki bakal ditinggal
suwung lan dadi sepi.
39 Lan Aku kandha karo kowé: Wiwit
saiki kowé bakal padha ora ndeleng
Aku, nganti kowé padha ngucap:
'Binerkahana ingkang rawuh ing
asmanipun Pangéran!'"

24 1 Sawisé kuwi Gusti Yésus
banjur miyos saka Pedalemané
Allah. Para muridé nuli padha nyaketi
sarta ngaturi Panjenengané mirsani
gedhong-gedhonging Pedalemané Allah.
2 Gusti Yésus banjur ngandika:
"Tamatna sing temenan enggonmu

ndeleng gedhong-gedhong kuwi.
Dakkandhani, mbésuk bakal ora ana
watu siji waé sing lestari temumpang ing
watu liyané; kabèh bakal dijugrugaké."
3 Nalika Gusti Yésus lenggah ing Gunung
Zaitun, para muridé padha sowan
ngadhep, prelu rembugan dhèwèkan
karo Panjenenganè, aturé: "Bapak Guru,
mugi kersaa paring sumerep dhateng
kawula sedaya, mbénjing menapa badhé
kelampahanipun sedaya menika? Lan
menapa tandha-tandhanipun badhé
rawuh Panjenengan? Mekaten ugi
menapa tandha-tandhanipun dinten
wekasan?"
4 Gusti Yésus ngandika: "Kowé sing
padha ngati-ati. Aja nganti diapusi ing
wong.
5 Sebab bakal akèh wong sing padha
teka nganggo jeneng-Ku lan kandha:
'Aku iki Sang Kristus', lan srana
mengkono bakal nasaraké wong akèh.
6 Kowé bakal krungu swaraning
peprangan lan pawarta bab perang.
Nanging diawas, kowé aja wedi lan cilik
ing ati; sebab kuwi kabèh kudu kelakon;
senajan mengkono, kuwi durung ateges
yèn wis tekan wekasané jaman.

7 Sebab bangsa sing siji bakal nglawan
perang bangsa sijiné, lan krajan nglawan
krajan. Ana ing endi-endi bakal ana
pailan lan lindhu.
8 Nanging kuwi mau kabèh lagi
wiwitaning kasangsaran, ngarepaké
tekané jaman anyar, kaya wong sing
nglarani sadurungé nglairaké bayi.
9 Ing wektu kuwi kowé bakal padha
dicekel lan dipasrahaké supaya disiksa
lan dipatèni. Kowé bakal disengiti déning
sakèhing bangsa, merga enggonmu dadi
murid-Ku.
10 Ing wektu kuwi akèh wong sing ora
setya menèh marang Aku. Sing siji
nglapuraké sijiné supaya dianiaya, lan
padha sengit-sinengitan.
11 Nuli akèh nabi palsu bakal padha
njedhul lan nasaraké wong akèh.
12 Kadurakan bakal saya tambah akèh,
nganti wong padha suda katresnané.
13 Nanging sing sapa lestari precaya
tekan wekasan, kuwi sing bakal slamet.
14 Injil bab Kratoné Allah bakal
diwartakaké sajagad wrata, supaya
saben wong padha krungu. Sawisé
kuwi kelakon, lagi bakal tekané dina
wekasan."

15 "Kowé bakal ndeleng ‘Si Pengrusak
ambek siya’ ngadeg ana ing papan suci,
kaya sing dingandikakaké déning Nabi
Dhanièl — sapa sing maca padha ngudia
ngerti apa tegesé —
16 yèn kuwi kelakon, wong-wong sing
ana ing tanah Yudéa padha ngungsia
menyang pegunungan.
17 Wong-wong sing lagi padha ana
ing payon, aja padha mudhun njupuk
barang-barangé sing ana ing omahé.
18 Wong sing lagi padha ana ing
pategalan, aja padha mulih njupuk
jubahé.
19 Mesakaké banget wong wadon sing
wektu kuwi padha mbobot, lan sing lagi
nusoni!
20 Nyenyuwuna marang Gusti Allah
supaya enggonmu padha ngungsi kuwi
ora pinuju mangsa rendheng utawa
mbeneri dina Sabbat!
21 Sebab ing wektu kuwi bakal ana
kasusahan sing gedhé banget, sing
durung tau kelakon wiwit jagad
dititahaké nganti sepréné. Lan ora bakal
kelakon menèh.
22 Sukur déné wektuné wis digawé
cendhak déning Gusti Allah; yèn ora

ngono, ora bakal ana manungsa siji
waé sing lestari urip. Nanging merga
saka umat pilihané, Gusti Allah kersa
nyendhakaké wektu kasangsaran gedhé
mau.
23 Ing wektu kuwi yèn ana wong kandha
marang kowé: ‘Delengen, Sang Kristus
ana ing kéné’, utawa ‘Sang Kristus ana
ing kana’, kowé aja ngandel.
24 Sebab kristus-kristus palsu lan
nabi-nabi palsu bakal padha njedhul,
sarta padha nindakaké mujijat-mujijat
lan kaélokan-kaélokan kanggo nasaraké
wong. Malah yèn bisa, iya arep nasaraké
umat pilihané Gusti Allah.
25 Mulané, éling-élingen! Aku wis awèh
weruh marang kowé, sadurungé kuwi
mau kelakon.
26 Yèn ana wong kandha karo kowé:
‘Delengen, Panjenengané ana ing
panggonan sing sepi’, kowé aja mrana.
Utawa yèn padha kandha: ‘Panjenengané
ndhelik’, kowé aja ngandel.
27 Sebab kaya déné gebyaring kilat saka
ing Wétan, padhangé cumlorot tekan ing
Kulon, kaya mengkono mbésuk bakal
rawuhé Putraning Manungsa.

28 Ing panggonané bathang, iya dadi
panggonané manuk gagak padha
nggrombol."
29 "Sawisé mangsa kasangsaran mau,
srengéngé bakal dadi peteng, lan
rembulan ilang cahyané. Lintang-lintang
bakal padha tiba saka ing langit, lan
kekuwatan-kekuwatan sing ana ing alam
jembar bakal mosak-masik.
30 Sawisé kuwi ing langit bakal katon
tandhané Putraning Manungsa. Sakèhé
bangsa ing bumi bakal padha nangis
lan sesambat. Nuli bakal padha ndeleng
Putraning Manungsa rawuh ing méganing
langit, klawan pangwasa lan kamulyan
gedhé.
31 Trompèt sing swarané seru banget
bakal diunèkaké. Para malaékat nuli
bakal diutus déning Gusti Allah menyang
kéblat papat, ngumpulaké umat pilihané
Gusti Allah, saka tancebing langit sing
siji nganti tekan tancebing langit liyané."
32 "Padha nitènana wit anjir. Yèn
pang-pangé wiwit katon ijo lan memes,
nuli semi, kowé padha ngerti, yèn
mangsa panas wis cepak.

33 Semono uga yèn kowé weruh lelakon
kuwi mau kabèh, kuwi tandhané yèn
Putraning Manungsa wis mèh rawuh.
34 Élinga! Kabèh kuwi bakal kelakon
sadurungé wong-wong sing saiki padha
urip iki mati.
35 Langit lan bumi bakal sirna, nanging
tembung-Ku ora bakal sirna."
36 "Ora ana wong siji waé sing weruh
dina lan jamé rawuhé Putraning
Manungsa. Malah Sang Putra piyambak
iya ora pirsa. Mung Sang Rama piyambak
sing pirsa.
37 Kaya déné jamané Nabi Nuh,
mengkono uga kaanané mbésuk rawuhé
Putraning Manungsa.
38 Ing dina-dina sadurungé banjir gedhé
teka, wong-wong padha mangan lan
ngombé. Padha omah-omah lan padha
diomah-omahaké, nganti dina enggoné
Nabi Nuh minggah ing prau.
39 Bareng banjiré teka temenan,
wong-wong mau lagi padha kegugah
pikirané tumrap apa sing kelakon.
Mengkono uga bakal kedadéané, samasa
Putraning Manungsa rawuh.
40 Ing wektu kuwi bakal ana wong
loro sing lagi padha nyambut-gawé

ing pategalan, sing siji digawa, sijiné
ditinggal.
41 Ana wong wadon loro sing lagi padha
nggiling gandum, sing siji digawa, sijiné
ditinggal.
42 Mulané sing padha waspada! Sebab
kowé padha ora weruh dina rawuhé
Gustimu.
43 Ngèlingana sing mengkéné iki: Yèn
wong sing duwé omah ngerti wektuné
maling sing arep nekani omahé, wong
mau bakal ora turu, lan ora bakal olèh
yèn omahé dileboni.
44 Mulané kowé selawasé kudu siaga,
sebab Putraning Manungsa kuwi rawuhé
ing wayah sing ora koknyana."
45 "Yèn mengkono, endi abdi sing
setya lan sing pinter, temahan diangkat
bendarané ngepalani abdi-abdi liyané,
supaya mènèhi jatah pangan marang
para abdi liyané mau, ing wektu-wektu
sing ditemtokaké.
46 Iba begjané abdi sing nalika
bendarané rawuh ketemu lagi nindakaké
kuwajibané.
47 Ngandela, bendara mau bakal
ngangkat abdi kuwi dipasrahi ngurusi
sebarang darbèké bendarané.

48 Nanging yèn abdi mau ala atiné lan
duwé gagasan mengkéné:
49 ‘Bendaraku bakal ora énggal rawuh’,
nuli wong mau wiwit nyiya-nyiya
abdi-abdi liyané, sarta mangan lan
ngombé bebarengan karo wong-wong
sing seneng endem-endeman,
50 mangka bendarané mau nuli rawuh
ing dina sing ora dinyana-nyana, lan ing
jam sing ora dingertèni sadurungé.
51 Abdi mau bakal diukum déning
bendarané sakatogé, kaya yèn ngukum
wong lamis. Ing kono abdi mau bakal
nangis lan nggeget untu."
25 1 "Samasa Putraning Manungsa
rawuh ngasta Kratoné Allah, kena
diupamakaké: Kaya kaanané prawan
sepuluh sing arep ngiring pengantèn,
padha nggawa oncor, banjur mangkat
methuk pengantèn lanang.
2 Prawan sing lima bodho, lan sing lima
liyané wicaksana.
3 Prawan lima sing bodho mau padha
nggawa oncor, nanging ora nggawa
lenga tandhon.
4 Déné prawan lima sing wicaksana,
nggawa oncor lan nggawa lenga sing
kanggo tandhon.

5 Pengantèn lanang mau tekané kasèp,
mulané prawan-prawan mau banjur
ngantuk nganti keturon.
6 Bareng tengah-wengi ana swarané
wong alok-alok: ‘Pengantèné teka! Ayo
padha dipethukaké!’
7 Prawan sepuluh mau banjur padha
tangi lan nyandhak oncoré dhéwé-
dhéwé.
8 Prawan-prawan sing bodho nuli
padha nembung marang prawan-prawan
sing wicaksana: ‘Mbok aku wènèhana
lengamu sethithik waé, awit oncorku
arep mati.’
9 Wangsulané prawan-prawan sing
wicaksana: ‘Aja, mengko lengané
mundhak ora cukup yèn kanggo aku lan
kowé. Luwih becik yèn kowé menyanga
warung sing adol lenga lan tuku dhéwé.’
10 Nanging nalika prawan lima mau lagi
padha lunga tuku lenga, mantèné lanang
teka. Prawan lima sing wis miranti, nuli
padha ngiring pengantèn lanang, mlebu
ing omahé sing mantu. Lawangé banjur
dikancing.
11 Sawisé mengkono prawan lima
liyané mau iya padha teka, lan matur

saka njaba: ‘Bapak, kula aturi mbikak
korinipun.’
12 Nanging wangsulané pengantèn
lanang: ‘Kowé sapa, aku ora kenal karo
kowé.’"
13 Gusti Yésus banjur mungkasi
pasemoné srana ngandika: "Mulané
padha melèka, awit kowé padha ora
weruh dina lan wayahé Putraning
Manungsa rawuh."
14 "Samasa Putraning Manungsa rawuh
ngasta Kratoné Gusti Allah kaananané
iya kena diupamakaké kaya wong sing
arep mangkat lelungan menyang negara
sing adoh. Wong mau nuli nimbali
para abdiné, banjur mitayakaké barang
darbèké marang para abdi mau.
15 Saben abdi dipasrahi, undha-usuk
miturut kabisané dhéwé-dhéwé. Ana
abdi sing dipasrahi dhuwit limang
talenta, ana sing rong talenta, ana sing
satalenta. Sawisé kuwi wong mau nuli
mangkat.
16 Sing nampa limang talenta tumuli
mangkat, nglakokaké dhuwité, lan olèh
bathi uga limang talenta.

17 Mengkono uga abdi sing tampa rong
talenta, iya nindakaké mengkono, lan
olèh bathi uga rong talenta.
18 Nanging abdi sing tampa satalenta,
lunga ngedhuk luwangan, banjur
mendhem dhuwité bendarané mau ana
ing kono.
19 Let sawetara suwéné, bendarané
abdi-abdi mau lagi rawuh, banjur
nganakaké étung-étungan karo para
abdiné.
20 Sing tampa limang talenta sowan lan
ngaturaké bebathèné limang talenta,
karo matur: ‘Bapak, kula panjenengan
pasrahi gangsal talenta. Samenika kula
aturi mirsani, kula angsal bebathèn
kathahipun inggih gangsal talenta.’
21 Wangsulané bendarané: ‘Becik
banget, kowé abdi sing becik lan temen.
Sarèhné kowé wis ketitik tumemen
marang barang sing sethithik, kowé
bakal dakpasrahi ngurusi barang sing
akèh. Mlebua lan mèlua ngrasakaké
kabungahanku.’
22 Abdi sing tampa rong talenta uga
sowan lan matur: ‘Bapak, panjenengan
sampun mitadosaken arta kalih talenta
dhateng kula. Samenika, sumangga

panjenengan pirsani. Kula saged angsal
bebathèn kathahipun inggih kalih
talenta.’
23 ‘Becik banget’, wangsulané
bendarané. ‘Kowé abdi sing becik
lan temen. Sarèhné kowé wis ketitik
tumemen marang barang sing sethithik,
saiki kowé bakal dakpasrahi ngurusi
barang-barang sing akèh. Ayo, mlebua
lan mèlua ngrasakaké kabungahanku!’
24 Sawisé kuwi abdi sing nampa
satalenta iya banjur sowan, lan matur:
‘Ndara, kula sumerep, bilih panjenengan
menika tiyang ingkang sawenang-
wenang. Remen ngenèni ing panggènan
ingkang mboten panjenengan sebari,
lan mendheti taneman, ingkang mboten
panjenengan tanem.
25 Mila kula ajrih, lajeng késah; arta
panjenengan satalenta lajeng kula
pendhem ing siti. Mangga kula aturi
nampèni arta panjenengan!’
26 Bendara mau banjur ngandika:
‘Kowé abdi sing ala lan kesèd. Kowé
duwé penganggep yèn aku ngenèni
ing panggonan sing ora daksebari lan
ngundhuh tanduran sing ora daktandur.

27 Mulané, beneré dhuwitku kuwi
koktitipaké marang wong sing
nglakokaké dhuwit, supaya samangsa
aku teka, aku bisa nampa dhuwitku
menèh saanakané.
28 Dhuwit satalenta kuwi jaluken,
banjur wuwuhna marang wong sing
duwé sepuluh talenta mau.
29 Sebab sing sapa wis duwé, kuwi
bakal kaparingan luwih akèh menèh
nganti kalubèran. Nanging sing sapa ora
duwé, barang sethithik sing diduwèki
kuwi bakal kapundhut kabèh.
30 Déné abdi sing ora ana gunané kuwi
cekelen, lan lebokna ing pakunjaran.
Ing kono bakal ana penangis lan
panggegeting untu!’"
31 "Mbésuk samasa Putrané Manungsa
rawuh ngagem kamulyané, kadhèrèkaké
sakèhing malaékat, Panjenengané bakal
lenggah ing dhamparing Kratoné Gusti
Allah,
32 lan sakèhing wong ing bumi
bakal kaklumpukaké ing ngarsané.
Panjenengané nuli bakal misah wong-
wong mau dadi rong pantha, kaya
pangon sing misahaké wedhusé gèmbèl
lan wedhusé bérok.

33 Sing gèmbèl dipisahaké ana ing
tengené lan sing bérok ana ing kiwané.
34 Tumuli Sang Prabu bakal ngandika
marang wong-wong sing ana ing
tengené: ‘Mara, kowé sing padha
binerkahan déning Rama-Ku. Kowé
bakal padha ngrasakaké kanikmataning
Kratoné Allah, sing wis kacawisaké wiwit
dumadiné jagad.
35 Awit nalika Aku keluwèn, Aku
kokcaosi dhahar; nalika Aku ngelak, Aku
kokcaosi ngunjuk; nalika Aku ngumbara,
Aku kokcaosi pondhokan ing omahmu;
36 nalika Aku kewudan, Aku kokcaosi
ageman; nalika Aku gerah, Aku
kokupakara; nalika Aku dikunjara, Aku
koktiliki.’
37 Ing kono wong-wong mursid mau
padha matur: ‘Gusti, kala menapa
kawula sumerep Panjenengan keluwèn,
lan kawula caosi dhahar, utawi kasatan,
kawula caosi ngunjuk?
38 Kala menapa kawula sumerep
Panjenengan ngumbara, lajeng kawula
caosi pondhokan ing griya kawula? Kala
menapa kawula sumerep Panjenengan
kelukaran, lajeng kawula caosi ageman?

39 Kala menapa kawula sumerep
Panjenengan gerah utawi dipun kunjara,
lajeng kawula tuwèni?’
40 Sang Prabu nuli bakal paring
wangsulan: ‘Élinga, apa waé sing tau
koktindakaké marang salah sawijining
sedulur-Ku sing asor dhéwé iki, kuwi
ateges iya wis koktindakaké marang
Aku!’
41 Sang Prabu mau iya bakal ngandika
marang wong-wong sing ana ing kiwané:
‘Padha sumingkira saka ing ngarep-Ku,
kowé wong sing kena ing laknat!
Sumingkira menyang geni langgeng sing
wis dicawisaké kanggo Iblis lan para
malaékaté!
42 Awit nalika Aku keluwèn, kowé ora
nyaosi dhahar; nalika Aku ngelak, kowé
ora nyaosi ngunjuk;
43 nalika Aku ngumbara, kowé ora
nyaosi pemondhokan; nalika Aku
kewudan, kowé ora nyaosi ageman;
nalika Aku gerah, lan ana ing pakunjaran,
Aku ora kokupakara.’
44 Wong-wong mau nuli bakal padha
munjuk: ‘Kala menapa kawula sumerep
Panjenengan keluwèn, kasatan,
ngumbara, utawi kelukaran, utawi gerah,

utawi dipun kunjara lan mboten kawula
ladosi?’
45 Sang Prabu banjur bakal paring
wangsulan: ‘Rungokna sing becik. Apa
waé sing ora koktindakaké marang salah
sawijining wong sing asor dhéwé iki,
kuwi iya ora koktindakaké marang Aku.’
46 Wasana wong-wong mau bakal
nampa paukuman langgeng, nanging
wong-wong mursid bakal nampa
ganjaran urip langgeng."
26 1 Sawisé rampung enggoné
mulangaké bab kuwi mau, Gusti
Yésus banjur ngandika marang para
muridé:
2 "Kowé wis padha ngerti, yèn kurang
rong dina menèh wis Riaya Paskah,
lan Putraning Manungsa bakal dicekel
déning wong akèh lan disalib."
3 Ing nalika semana para pengareping
imam lan para pinituwané bangsa Yahudi
padha nglumpuk ana ing dalemé Imam
Agung Kayafas.
4 Para pengareping imam lan para
pinituwa mau padha rembugan bab
kepriyé rékané, supaya bisa nyekel lan
nyédani Gusti Yésus.

5 Nanging olèhé nyekel lan matèni aja
pinuju dina riaya, supaya ora gawé
gègèré wong akèh.
6 Nalika Gusti Yésus ana ing désa
Bètani, ana ing omahé Simon, sing biyèn
tau lara kusta;
7 ana wong wadon teka sowan ing
ngarsané Gusti Yésus. Wong wadon mau
nggawa gendul isi lenga wangi, sing
larang banget regané. Dhèk semana
Gusti Yésus lagi lenggah dhahar. Wong
wadon mau banjur nglengani mestakané
Gusti Yésus nganggo lenga wangi.
8 Para muridé Gusti Yésus bareng weruh
apa sing ditindakaké wong wadon mau
nuli padha nepsu, lan padha rerasanan:
"Apa kuwi ora ngecèh-ecèh dhuwit?
9 Lenga wangi kuwi yèn diedol rak payu
akèh, lan pepayoné rak kena diwènèhaké
marang wong miskin?"
10 Gusti Yésus mirsa apa sing lagi dadi
rasananané para muridé, mulané banjur
ngandika: "Yagéné kowé kokpadha
ngrasani ala marang wong wadon iki?
Wong iki rak nglakoni barang sing becik
tumraping Aku.

11 Wong miskin rak selawasé ana ing
antaramu, nanging Aku rak ora selawasé
awor karo kowé.
12 Enggoné ngesokaké lenga ana ing
badan-Ku kuwi rak minangka pacawisané
pengguburan-Ku.
13 Padha titènana! Ing endi waé Injil
iki diwartakaké, apa sing ditindakaké
déning wong wadon iki iya bakal
dicritakaké, minangka pengéling-éling
marang dhèwèké."
14 Nalika semono nuli ana salah
sawijining muridé Gusti Yésus, jenengé
Yudas Iskariot, marani para pengareping
imam.
15 Yudas mau banjur matur: "Kula
badhé panjenengan épahi menapa,
menawi kula masrahaken Gusti Yésus
dhateng panjenengan?" Yudas Iskariot
nuli diwènèhi dhuwit telung puluh sèkel
selaka.
16 Wiwit nalika kuwi Yudas golèk
wewengan, supaya bisa masrahaké Gusti
Yésus marang para pengareping imam.
17 Ing dina wiwitaning Riaya Pésta Roti
Tanpa Ragi, para muridé Gusti Yésus
padha sowan ing ngarsané. Banjur
matur: "Gusti ngersakaken dhahar

bujana Paskah wonten ing pundi?
Mangké badhé sami kula cawisaken."
18 Gusti Yésus ngandika: "Lungaa
nemoni si Anu lan kandhaa: ‘Bapak Guru
ngandika: Wektuku mung kari saiki;
Aku kepéngin dhahar bujana Paskah
ana ing omahmu, bebarengan karo
murid-murid-Ku!’"
19 Para murid sing diutus mau
nuli mangkat nindakaké apa sing
didhawuhaké déning Gusti Yésus,
nyawisaké bujana Paskah.
20 Bareng wis soré Gusti Yésus banjur
lenggah dhahar bebarengan karo para
muridé.
21 Nalika isih padha dhahar, Gusti
Yésus ngandika: "Ngertia, salah siji
panunggalanmu bakal ngulungaké Aku
marang wong-wong sing padha ngarah
matèni Aku."
22 Bareng ngrungu pangandika mau
para muridé Gusti Yésus padha sedhih
banget, banjur genti-gentèn padha
matur: "Rak sanès kula ta Gusti?"
23 Gusti Yésus ngandika: "Wong sing
nyelupaké rotiné ana ing mangkok iki
bareng karo Aku, kuwi wongé sing bakal
ngulungaké Aku.

24 Putrané Manungsa pancèn pinesthi
séda, sebab ing Kitab Suci wis ditulis
bab enggoné bakal séda. Nanging
cilaka wong sing ngulungaké Putrané
Manungsa! Luwih becik tumrapé wong
kuwi saupama ora lair waé!"
25 Yudas, sing bakal ngulungaké Gusti
Yésus nuli matur: "Nanging rak sanès
kula ingkang Panjenengan kersakaken
ta Gusti?" Gusti Yésus ngandika:
"Mengkono kandhamu."
26 Nalika padha mangan, Gusti Yésus
mundhut roti, banjur ndedonga, saos
sukur marang Pangéran. Roti mau
nuli dicuwil-cuwil sarta diparingaké
marang para muridé, karo ngandika:
"Padha tampanana, padha panganen, iki
badan-Ku."
27 Sawisé kuwi banjur mundhut tuwung
sing isi anggur, banjur ndedonga, saos
sukur marang Pangéran. Gusti Yésus
banjur maringaké tuwung mau marang
para muridé, sarta ngandika: "Padha
ngombéa kabèh saka ing tuwung iki.
28 Sebab iki getih-Ku, getih sing
diesokaké kanggo nanggung prejanjiané
Gusti Allah. Getih-Ku iki diesokaké

kanggo wong akèh, minangka
pangapuraning dosa.
29 Ngertia: Aku bakal ora ngombé
anggur iki menèh nganti wektuné Aku
ngombé anggur anyar bebarengan karo
kowé kabèh ing Kratoné Rama-Ku."
30 Sawisé kuwi Gusti Yésus lan para
muridé banjur padha menyanyi. Nuli
padha mangkat menyang Gunung
Zaitun.
31 Gusti Yésus banjur ngandika marang
para muridé: "Ing bengi iki uga kowé
bakal padha mlayu, ninggal Aku ijèn;
sebab ing Kitab Suci wis katulis:
‘Gusti Allah bakal matèni pangoné, lan
pepanthané wedhus bakal buyar.’
32 Nanging sawisé Aku katangèkaké
saka ing kubur, Aku bakal lunga menyang
tanah Galiléa, ndhisiki kowé."
33 Pétrus nuli matur marang Gusti
Yésus: "Senajan sedaya murid badhé
nilar Panjenengan, kawula mboten
badhé nilar Panjenengan!"
34 Gusti Yésus ngandika marang Pétrus:
"Rungokna! Ing bengi iki uga, sadurungé
jago kluruk, kowé bakal nyélaki Aku,
ambal ping telu."

35 Pétrus nuli mangsuli: "Kula mboten
badhé nyélaki Panjenengan, senajan
kedah pejah sesarengan." Para murid
liyané iya padha muni mengkono.
36 Sawisé mengkono, Gusti Yésus
banjur tindak, kadhèrèkaké para muridé,
menyang panggonan sing disebut
Gètsémané. Ing kono Gusti Yésus
ngandika karo para muridé: "Padha
linggiha ana ing kéné dhisik, Aku arep
mrana, ndedonga."
37 Gusti Yésus nuli ngajak Pétrus lan
anaké Zébedéus karo pisan, kadhawuhan
ndhèrèk. Ing wektu kuwi Gusti Yésus
katon sedhih sarta ajrih banget.
38 Pangandikané marang para murid
mau: "Ati-Ku sedhih banget, rasané kaya
wong sing arep mati. Padha ngentènana
ana ing kéné, lan Aku réwangana
melèk."
39 Gusti Yésus tindak ora adoh saka ing
kono, nuli sujud sarta ndedonga: "Dhuh
Rama Kawula, menawi kepareng, tuwung
kasangsaran menika mugi kasingkirna
saking Kawula! Nanging sampun
pikajeng Kawula, namunga kersa Paduka
kémawon ingkang kelampahan."

40 Sawisé kuwi Gusti Yésus banjur
murugi para muridé telu mau, nanging
telu-teluné ketemu lagi padha turu. Gusti
Yésus nuli ngandika marang Pétrus: "Apa
kowé, wong telu, ora bisa ngréwangi Aku
melèk, senajan mung sajam waé?
41 Padha jumagaa lan padha
ndedongaa, supaya kowé ora kalah
karo panggodhaning Iblis. Roh mono
kepéngin nglakoni kang becik, nanging
daging kuwi sèkèng."
42 Gusti Yésus nuli tindak kaping
pindhoné lan ndedonga, aturé: "Dhuh
Rama, menawi kasangsaran menika
mboten Paduka singkiraken lan mboten
kénging mboten kedah Kawula lampahi,
inggih sumangga, mugi kersa Paduka
kémawon ingkang kelampahan."
43 Gusti Yésus nuli murugi para muridé
menèh, nanging iya lagi padha turu,
sebab mripaté mbliyut banget.
44 Para murid mau nuli ditinggal menèh
déning Gusti Yésus. Panjenengané nuli
ndedonga kaping teluné. Pandonganė
kaya sing uwis.
45 Sawisé mengkono banjur murugi para
muridé menèh lan ngandika: "Apa kowé
isih padha turu lan ngaso? Delengen!

Saiki Putrané Manungsa kaulungaké
marang pangwasané wong-wong dosa.
46 Padha tangia, ayo padha lunga.
Delengen! Wong sing arep ngulungaké
Aku wis ana ing kéné."
47 Nalika Gusti Yésus lagi ngandika,
Yudas, panunggalané murid rolas,
teka. Bareng karo Yudas iya ana wong
akèh padha teka, nggawa pedhang lan
penthung. Wong-wong mau dikongkon
déning para pengareping imam lan para
sesepuhé bangsa Yahudi.
48 Yudas wis awèh tandha marang
wong akèh mau, mengkéné: "Sing
dakambung, yakuwi wongé. Cekelen!"
49 Satekané ing panggonan kono,
Yudas terus marani Gusti Yésus lan
matur: "Sugeng dalu, Pak Guru!" Banjur
ngambung Gusti Yésus.
50 Pangandikané Gusti Yésus: "Sanak,
kowé arep apa?" Wong akèh kuwi banjur
padha maju sarta nyepeng Gusti Yésus.
51 Ing kono ana salah sawijining wong
sing ndhèrèkaké Gusti Yésus ngunus
pedhangé, lan disabetaké marang
abdiné imam agung, kena kupingé
nganti perung.

52 Gusti Yésus nuli ngandika marang pendhèrèk mau: "Pedhangmu rangkakna menèh, sebab kabèh wong sing matèni klawan pedhang, bakal mati déning pedhang.
53 Apa kokkira Aku ora bisa nyuwun marang Rama-Ku, lan Panjenengané apa ora bakal sanalika ngutus malaékat luwih saka rolas bregada?[f]
54 Nanging saupama mengkono, banjur kepriyé bisané kelakon apa sing wis diweca ing Kitab Suci, yèn iki kabèh kudu kaleksanan kaya sing kelakon saiki?"
55 Gusti Yésus nuli ngandika marang wong akèh mau: "Apa rumangsamu Aku iki bégal, déné olèhmu arep nyekel Aku ndadak nggawa pedhang lan penthung? Apa Aku ora saben dina memulang ana ing Pedalemané Allah; kokora kokkapak-kapakaké?
56 Nanging kabèh iki kedadéan kaya mengkéné, supaya kelakon apa sing wis ditulis déning para nabi ana ing Kitab Suci." Sawisé kuwi para muridé Gusti Yésus nuli padha ninggal Panjenengané lan padha mlayu kabèh.

---

[f]bregada: pasukan, ,tembungipun ing basa Indonesia: Satuan tentara.

57 Wong-wong sing padha nyekel Gusti
Yésus banjur ngirid Panjenenganè
menyang dalemé Imam Agung Kayafas.
Para ahli Torèt lan para sesepuhé bangsa
Yahudi wis padha nglumpuk ana ing
kono.
58 Ing nalika semana Pétrus ngetutaké
Gusti Yésus saka kadohan, nganti
tekan dalemé Imam Agung. Pétrus
banjur mlebu ing pekarangan kono lan
lungguh bareng karo para wong jaga.
Pétrus kepéngin weruh, kepriyé bakal
kerampunganè kedadéan kuwi mau
kabèh.
59 Para pengareping imam lan para
warganè Pradataning Agama kabèh
padha ngudi, supaya olèh seksi-seksi
palsu, sing njalari Gusti Yésus kena
dipatrapi paukuman pati.
60 Senajan akèh wong sing padha maju
gelem dadi seksi, nanging paseksinè
mau ora ana bukti-buktinè. Wusana ana
wong loro sing maju,
61 lan matur: "Tiyang menika naté
mungel: ‘Aku bisa mbubrah Pedalemanè
Allah lan bisa mbangun menèh sajronè
telung dina.’"

62 Imam Agung banjur jumeneng lan
ngandika marang Gusti Yésus: "Apa
kowé ora mangsuli pandakwané wong
kuwi?"
63 Nanging Gusti Yésus kèndel waé.
Imam Agung banjur ngandika menèh:
"Demi Allah kang gesang, saiki kowé
kandhaa marang aku nganggo sumpah,
apa kowé ngaku, yèn kowé kuwi Sang
Kristus, Putrané Gusti Allah?"
64 Gusti Yésus ngandika: "Inggih, leres.
Wiwit samenika panjenengan badhé
mirsani Putranipun Manungsa pinarak
ing tengenipun Gusti Allah, Ingkang
Mahakwaos, lan rawuh nitih méganing
langit."
65 Mireng pangandikané Gusti Yésus
mau, Imam Agung nuli nyuwèk-nyuwèk
agemané, sarta ngandika: "Wong iki
nyenyamah marang Gusti Allah! Wis
ora prelu seksi menèh! Kowé kabèh
padha krungu dhéwé enggoné nyewiyah
marang Gusti Allah.
66 Saiki kepriyé penemumu?" Sing
didangu padha mangsuli: "Tiyang
menika lepat, lan kedah dipun ukum
pejah."

67 Gusti Yésus nuli diidoni lan diantemi
déning wong-wong mau. Ana uga wong
sing ngampleng Panjenenganė
68 karo muni: "Coba, bedhèken, Sang
Kristus! Sapa sing ngampleng kowé?"
69 Nalika semono Pétrus lagi linggih ana
ing njaba, ing pekarangan. Ana abdiné
wadon Imam Agung nyedhaki Pétrus
lan kandha karo Pétrus: "Sampéyan rak
enggih tumut kalih Yésus, tiyang Galiléa
nika ta?"
70 Nanging Pétrus sélak ing ngarepé
wong kabèh, tembungé: "Kula mboten
ngertos napa sing sampéyan kandhakaké
niku."
71 Pétrus nuli lunga saka ing kono,
menyang régol. Ana abdi wadon liyané
sing weruh Pétrus. Wong mau nuli
kandha karo wong-wong sing padha ana
ing kono: "Wong iki rak iya sing gawéné
mèlu Yésus, wong Nasarèt kuwi ta?"
72 Nanging Pétrus banjur sélak menèh,
malah karo sumpah: "Kula èstu mboten
wanuh kalih tiyang niku."
73 Ora let suwé wong-wong sing padha
ana ing kono padha marani Pétrus, lan
kandha: "Kowé mesthi iya klebu wong

sing padha mèlu Yésus. Kuwi cetha saka
pocapanmu."
74 Pétrus banjur sumpah menèh:
"Wantun pejah, èstu kula mboten kenal
kalih tiyang niku." Sanalika banjur ana
jago kluruk.
75 Pétrus kèlingan apa sing
dingandikakaké déning Gusti Yésus:
"Sadurungé jago kluruk, kowé bakal
sélak nganti ping telu, yèn kowé kenal
karo Aku." Pétrus nuli metu saka
pekarangan, sarta nangis kelara-lara.

27 1 Ésuké kabèh pengareping imam
lan para sesepuhé bangsa Yahudi
padha gawé putusan arep nyédani Gusti
Yésus.
2 Panjenengané banjur dibanda, nuli
diirid, kapasrahaké marang Pilatus,
gubernur pepréntahan Rum ing wilayah
kono.
3 Nalika Yudas, sing ngulungaké Gusti
Yésus ngerti yèn Panjenengané bakal
diukum pati, dhèwèké keduwung, banjur
mbalèkaké dhuwité telung puluh sèkel
selaka marang para pengareping imam
lan para sesepuhé bangsa Yahudi.
4 Aturé: "Kula sampun damel dosa,
déné ngulungaken tiyang ingkang

mboten lepat, ngantos dipun ukum
pejah." Nanging para pengareping imam
sarta para sesepuh mau padha mangsuli:
"Preduli apa, kuwi rak urusanmu dhéwé!"
5 Yudas banjur nguncalaké dhuwit mau
ana ing Pedalemané Allah, nuli lunga lan
ngendhat.
6 Para pengareping imam nuli padha
njupuki dhuwit mau lan muni: "Iki dhuwit
getih, dadi ora kena dilebokaké ana ing
pethi pisungsung ing Pedalemané Allah."
7 Sawisé padha sarujuk, dhuwit mau
nuli dienggo tuku lemahé tukang grabah.
Lemah mau digawé kuburan kanggo
ngubur wong neneka sing mati ing kono.
8 Mulané tekan sepréné palemahan mau
disebut Hakeldama, tegesé: Palemahan
Getih.
9 Srana mengkono kelakon temenan
apa sing dingandikakaké déning Nabi
Yérémia, mengkéné: "Padha nampani
dhuwit telung puluh sèkel selaka, yakuwi
regané wong siji sing disarujuki déning
bangsa Israèl.
10 Dhuwit mau nuli dienggo tuku
palemahan kundhi, kaya sing
didhawuhaké déning Pangéran
marang aku."

11 Gusti Yésus banjur dipriksa déning Pilatus, gubernur ing negara kono. Pilatus ndangu: "Apa kowé ratuné wong Yahudi?" "Inggih, leres!"
12 Nanging bareng para pengareping imam lan para sesepuhé bangsa Yahudi padha ngajokaké pandakwa-pandakwa marang Gusti Yésus, Panjenenganė ora kersa mangsuli babar-pisan.
13 Mulané Pilatus ngandika marang Gusti Yésus: "Apa kowé ora nggatèkaké gugatan-gugatan sing diajokaké marang kowé kuwi?"
14 Nanging Gusti Yésus ora nanggapi pitakoné gubernur mau, nganti gubernur gumun banget.
15 Wis dadi padatan ing wektu semana, saben dina Paskah, gubernur ngluwari wong ukuman siji, sing disuwun déning wong akèh.
16 Nalika semono ana wong ukuman sing dikunjara. Jenengé Yésus Barabas.
17 Bareng wong sing padha nglumpuk wis akèh, Gubernur Pilatus nuli ngandika marang wong akèh mau: "Sapa sing koksuwun luwar, Yésus Barabas apa Yésus, sing ketelah Kristus?"

18 Enggoné ngandika mengkono mau, awit Pilatus mirsa yèn wong Yahudi enggoné masrahaké Gusti Yésus kuwi merga saka drengkining atiné.
19 Nalika Pilatus lagi lenggah ing kursi pengadilan, garwané ngutus supaya matur marang Pilatus mengkéné: "Panjenengan sampun tumut-tumut ing prekawisipun tiyang mursid menika, awit kala wau dalu kula supena sarta kraos sedhih sanget margi Panjenenganipun."
20 Nanging para pengareping imam lan para sesepuhé bangsa Yahudi terus padha ngojok-ojoki wong akèh kang ana ing kono, supaya nyuwun marang Pilatus ngluwari Barabas lan nyédani Gusti Yésus.
21 Pilatus banjur ndangu menèh marang wong akèh mau: "Wong loro kuwi, sing endi sing kokkarepaké dakluwari?" Wong akèh mau nuli padha mangsuli: "Barabas!"
22 Pilatus banjur ndangu menèh: "Yèn mengkono, banjur Yésus sing disebut Kristus kuwi karepmu dakkapakaké?" Wong akèh mau saur manuk, aturé: "Dipun salib kémawon."

23 Pendanguné Pilatus menèh: "Nanging
apa keluputané wong iki?" Wong akèh
mau malah saya seru pambengoké:
"Kasaliba!"
24 Pilatus pirsa yèn pambudidaya
saterusé wis ora ana gunané, malah bisa
njalari kaanané saya tambah kisruh.
Mulané banjur mundhut banyu, nuli wijik
asta ana ing ngarepé wong akèh, sarta
ngandika: "Aku ora tanggung jawab
tumrap getihé wong iki! Kuwi urusanmu
dhéwé!"
25 Wong akèh mau nuli mangsuli
bebarengan: "Inggih, kersanipun kula
lan anak-anak kula ingkang nyanggi
paukumanipun."
26 Pilatus nuruti karepé wong akèh,
Barabas diluwari, lan dhawuh supaya
Gusti Yésus disiksa, sabanjuré
dipasrahaké supaya disalib.
27 Para prejurité Pilatus banjur ngirid
Gusti Yésus mlebu gedhong gubernuran,
nuli padha nglumpuk saubengé Gusti
Yésus.
28 Jubah agemané Gusti Yésus dijupuk,
diganti jubah wungu.
29 Prejurit-prejurit mau nuli gawé
makutha saka caranging wit-witan

sing ana eriné. Makutha eri mau
nuli diagemaké ing mestakané Gusti
Yésus. Para prejurit mau nuli njupuk
teken, dicepengaké ing astané Gusti
Yésus sing tengen. Sawisé kuwi
banjur padha sujud ing ngarsané, karo
moyoki Panjenengané: "Ngaturaken
kasugengan, ratunipun tiyang Yahudi!"
30 Prejurit-prejurit mau padha ngidoni
Gusti Yésus, njupuk teken sing diasta
déning Panjenengané, lan digebugaké
ing mestakané.
31 Sawisé rampung enggoné
nyenyamah, jubah wungu sing
diagemaké Gusti Yésus disalini agemané
piyambak menèh, banjur diirid metu,
arep disalib.
32 Ana ing dalan sing metu saka kutha,
para prejurit sing ngirid Gusti Yésus mau
kepethuk wong sing jenengé Simon,
asalé saka Kiréné. Simon mau dipeksa
déning para prejurit manggul salibé
Gusti Yésus.
33 Lakuné banjur tekan panggonan sing
aran Golgota, sing tegesé: Panggonan
Cumplung.
34 Ing kono Gusti Yésus dicaosi unjukan
anggur sing dicampuri rempelu. Sawisé

dikedhapi, Gusti Yésus ora kersa
ngunjuk.
35 Gusti Yésus nuli disalib, agemané
diedum-edum nganggo dilotré.
36 Para prejurit nuli padha linggih ana
ing kono, njaga Gusti Yésus.
37 Ing sandhuwuring mestakané
dipasangi tulisan, sing nerangaké
pendakwa tumrap Panjenengané, uniné:
"Iki Yésus, wong Nasarèt, ratuné wong
Yahudi."
38 Nalika semana ana bégal loro sing
disalib bebarengan karo Gusti Yésus,
sing siji ana ing sisih tengené, sijiné ana
ing sisih kiwané.
39 Wong-wong sing padha liwat ing kono
padha gèdhèg-gèdhèg, sarta moyoki
Gusti Yésus.
40 Padha muni mengkéné: "Kowé sing
arep mbubrah Pedalemané Allah lan
mbangun menèh sajroné telung dina!
Yèn kowé nyata Putrané Allah, coba
luwarana awakmu dhéwé! Mudhuna saka
salib!"
41 Mengkono uga para pengareping
imam lan para ahli Torèt sarta para
sesepuhé bangsa Yahudi padha moyoki
Gusti Yésus. Padha muni mengkéné:

42 "Wong liya diluwari, nanging ngluwari
awaké dhéwé ora bisa! Wong iki rak
Ratuné Israèl ta? Bèn mudhun saka
salib, nuli aku bakal padha precaya.
43 Dhèwèké ngendelaké Gusti Allah, lan
kandha yèn dadi Putrané Allah. Saiki
padha dideleng waé, apa Gusti Allah
bakal nylametaké dhèwèké."
44 Para bégal sing padha disalib iya
padha mèlu-mèlu moyoki Gusti Yésus.
45 Wiwit jam rolas awan, ing satanah
kono dadi peteng, suwéné telung jam.
46 Bareng kira-kira jam telu soré, Gusti
Yésus nguwuh-uwuh klawan swara sora:
"Èli, Èli, lama sabakhtani?," sing tegesé:
Dhuh Allah, dhuh Allah, kénging menapa
Kawula Paduka tégakaken?
47 Wong sawetara sing padha
ngadeg ana ing kono padha ngrungu
pangandikané Gusti Yésus mau, nuli
padha muni: "Wong kuwi ngundang
Élia!"
48 Ana wong siji sing énggal-énggal
njupuk kembang karang lan dicelupaké
ana ing anggur kecut. Kembang karang
mau digawèkaké garan saka glagah, nuli
dicaosaké Gusti Yésus, supaya dicecep.

49 Nanging wong-wong liyané padha
muni: "Mengko dhisik, coba dientèni, apa
Élia teka temenan, ngluwari dhèwèké!"
50 Gusti Yésus banjur nguwuh menèh
klawan swara sora, nuli séda.
51 Nalika semono geber sing gumantung
ing Pedalemané Allah suwèk dadi
loro, wiwit saka ing ndhuwur tekan
ing ngisor. Bumi gonjang-ganjing lan
gunung-gunung karang padha bengkah.
52 Kuburan-kuburan padha menga, lan
akèh umaté Gusti Allah sing wis padha
mati, diuripaké menèh.
53 Sawisé Gusti Yésus wungu saka ing
séda, wong-wong mau padha metu saka
kuburané, banjur padha mlebu ing kutha
Yérusalèm. Ing kono akèh wong sing
padha weruh.
54 Komandhan dalasan para prejurité
sing padha njaga Gusti Yésus, bareng
ana lindhu lan nyipati kabèh sing kelakon
mau, padha wedi banget. Nuli padha
muni: "Nyata, Panjenengané kuwi
Putraning Allah!"
55 Ing kono akèh wong wadon sing
lagi padha ngawasaké saka kadohan.
Wong-wong kuwi sing mauné padha

ndhèrèkaké Gusti Yésus saka ing tanah
Galiléa, prelu ngladosi Panjenenganė.
56 Kayata: Maryam Magdaléna, Maryam
ibuné Yakobus lan Yusuf, tuwin somahé
Zébedéus.
57 Bareng wis soré, ana wong sugih
saka Arimatéa teka. Jenengé Yusuf.
Yusuf kuwi muridé Gusti Yésus,
58 sowan marang Gubernur Pilatus,
nyuwun layoné Gusti Yésus. Pilatus
nuli dhawuh supaya layoné Gusti Yésus
diwènèhaké Yusuf.
59 Yusuf banjur njupuk layon mau, nuli
diulesi nganggo mori putih memplak.
60 Layoné Gusti Yésus mau banjur
disarèkaké ana ing kuburané Yusuf
dhéwé, sing isih anyar. Kuburan mau
wujud guwa sing digrowong ing padhas.
Sawisé nutup lawanging pesaréan
nganggo watu gedhé, Yusuf banjur
lunga.
61 Maryam Magdaléna lan Maryam sijiné
padha kèri ana ing kono, lungguh ing
sangareping pesaréan.
62 Ésuké, yakuwi dina Sabbat, para
pengareping imam lan para wong Farisi
padha bebarengan sowan ana ing
ngarsané Gubernur Pilatus.

63 Lan padha matur: "Bapak Gubernur,
kawula sami kèngetan, bilih juru
penasaran menika nalika taksih gesang,
naté mungel mekaten: ‘Sawisé telung
dina Aku bakal urip menèh!’
64 Mila prayogi menawi panjenengan
dhawuh supados kuburipun kajagi,
ngantos tigang dinten. Sebab menawi
mboten mekaten, para muridipun sami
saged nyolong layon wau, lajeng sanjang
dhateng tiyang-tiyang sanès: ‘Gusti
Yésus urip menèh.’ Srana mekaten
badhé tuwuh penasaran énggal, ingkang
langkung awon ketimbang kaliyan
ingkang rumiyin."
65 Pilatus banjur dhawuh: "Wis,
nggawaa prejurit, kuburané jaganen
saprayogané."
66 Wong-wong mau nuli padha mangkat
menyang pesaréané Gusti Yésus.
Pesaréan mau disègel, lan watu sing
kanggo nutup pesaréan mau dicap.
Sawisé kuwi banjur akon para prejurit
jaga ana ing kono.

28 1 Bareng dina Sabbat wis kliwat,
ing dina Minggu ésuk umun-
umun, Maryam Magdaléna lan Maryam

sijiné padha lunga niliki pesaréané Gusti
Yésus.
2 Dumadakan ana lindhu gedhé banget.
Ana malaékat tumedhak saka ing
swarga, banjur ngglundhungaké watu
tutupé pesaréan, nuli lenggah ana ing
watu mau.
3 Pasuryané malaékat kuwi mencorong
lan agemané putih memplak.
4 Prejurit sing padha jaga ana ing kono,
saking wediné, nganti padha gumeter
lan pucet kaya wong mati.
5 Malaékat mau nuli ngandika marang
para wong wadon sing padha niliki
pesaréan mau mengkéné: "Aja padha
wedi! Aku ngerti yèn kowé padha
nggolèki Yésus sing mentas disalib.
6 Panjenengané ora ana ing kéné, wis
wungu, cocog karo sing dingandikakaké
dhèk biyèn. Coba delengen panggonan
tilasé.
7 Mulané padha énggal balia lan
mènèhana weruh marang para muridé,
yèn Panjenengané wis wungu, lan saiki
tindak ndhisiki lakumu menyang tanah
Galiléa. Ing kana kowé bakal ketemu
karo Panjenengané! Padha élinga

marang sing dakkandhakaké marang
kowé iki!"

8 Para wong wadon mau nuli énggal-
énggal padha mangkat saka ing
pesaréan kono, kanthi rasa wedi campur
bungah. Lakuné rikat banget, sebab
sélak kepéngin mènèhi weruh marang
para muridé Gusti Yésus bab lelakon
kuwi mau.

9 Dumadakan Gusti Yésus methuki
wong-wong wadon mau lan ngandika:
"Salam." Wong-wong mau nuli padha
nyedhaki, banjur padha nyungkemi
sampéyané!

10 Gusti Yésus banjur ngandika: "Aja
padha wedi. Balia ngandhani sedulur-
sedulur-Ku, supaya padha mangkat
menyang ing tanah Galiléa. Ing kono
bakal padha ndeleng Aku."

11 Nalika para wong wadon lagi budhal,
ana prejurit sawetara sing padha
jaga pesaréan, lunga menyang kutha
Yérusalèm, prelu nglapuraké marang
para pengareping imam, bab apa sing
kelakon kabèh.

12 Para pengareping imam mau nuli
padha rembugan karo para sesepuhé
bangsa Yahudi. Wong-wong mau nuli

padha gawé putusan, mbeseli para
prejurit mau nganggo dhuwit akèh.
13 Déné para prejurit mau padha
diweling: "Kowé padha mertak-
mertakna, yèn para muridé Yésus padha
teka ing wayah bengi, lan nyolong
layoné, nalika kowé padha mbeneri turu.
14 Yèn Bapak Gubernur mireng bab
kuwi, aku bakal padha matur marang
panjenengané, supaya kowé ora
diukum."
15 Para prejurit nuli padha nampani
dhuwité, lan nindakaké apa sing
diwelingaké déning para pengareping
imam lan para sesepuhé bangsa Yahudi
mau. Critané para prejurit mau banjur
sumebar ing tengahé masarakat Yahudi,
nganti sepréné.
16 Para muridé Gusti Yésus, wong
sawelas, nuli padha mangkat menyang
tanah Galiléa. Tekan ing kana banjur
munggah ing gunung sing wis
dingandikakaké déning Gusti Yésus.
17 Bareng padha ndeleng Panjenengané
nuli padha nyembah sujud. Nanging ana
murid sawetara sing mangu-mangu.
18 Gusti Yésus banjur nyelaki lan
ngandika mengkéné: "Sakèhing

pangwasa ing swarga lan ing bumi wis
diparingaké déning Sang Rama marang
Aku.
19 Mulané padha lungaa, maranana
bangsa-bangsa ing salumahing bumi
kabèh, padha dadèkna murid-Ku. Padha
baptisen ing Asmané Sang Rama. Sang
Putra lan Sang Roh Suci.
20 Apa déné padha wulangen mbangun-
turut marang sakèhing piwulang sing
wis Dakwulangaké marang kowé. Padha
titènana, yèn Aku tansah nunggal
karo kowé nganti tekan pungkasaning
jaman."

Markus

1 [1] Iki Injil bab Gusti Yésus Kristus,
Putrané Allah.
[2] Injil iki wiwité kaya sing ditulis
déning Nabi Yésaya, mengkéné: "‘Iki
utusan-Ku’, mengkono pangandikané
Gusti Allah, ‘sing teka sadurungé kowé,
supaya nyawisaké dalan-Mu.’
[3] Ana ing ara-ara samun ana wong
nguwuh-uwuh, ‘Padha cawisna dalan
kagem Gusti; dalan-dalan sing arep
diambah padha ratanen!’"
[4] Ya kaya mengkono Nabi Yohanes
rawuh ana ing ara-ara samun. Nabi
Yohanes mbaptis lan mulang wong-
wong bab pawarta saka Gusti Allah.
Pangandikané: "Kowé padha mratobata,
ninggala dosa-dosamu lan nglakonana
dibaptis, temah Gusti Allah bakal
ngapura dosa-dosamu."
[5] Akèh wong saka tanah Yudéa lan
saka kutha Yérusalèm padha teka
ngrungokaké piwulangé Nabi Yohanes.
Wong-wong mau padha ngakoni dosa-

dosané lan padha dibaptis déning Nabi
Yohanes ana ing Kali Yardèn.
6 Sandhangané Nabi Yohanes kuwi
digawé saka wulu unta, sabuké saka
lulang. Déné sing didhahar walang lan
madu alas.[a]
7 Nabi Yohanes ngandika marang wong
akèh mau mengkéné: "Sapungkurku
bakal ana Wong teka, sing kwasané
ngluwihi aku. Nguculi taliné sepatu waé
aku ora pantes.
8 Aku mbaptis kowé nganggo banyu,
nanging Wong mau bakal mbaptis kowé
nganggo Roh Suci."
9 Ora let suwé Gusti Yésus rawuh saka
kutha Nasarèt, ing tanah Galiléa. Gusti
Yésus mau nuli dibaptis déning Nabi
Yohanes ana ing Kali Yardèn.
10 Bareng mentas saka kali mau, Gusti
Yésus pirsa langité kawiyak lan Sang
Roh Suci sing katoné kaya manuk dara,
tumurun nedhaki Panjenengané.
11 Banjur ana swara saka ing langit
ngandika mengkéné: "Kowé kuwi
Putra-Ku sing Daktresnani. Kowé sing
gawé renaning penggalih-Ku."

---

[a] madu alas: maben (madu) ingkang pinanggih ing wana.

12 Sawisé kuwi, saka panuntuning Sang
Roh Suci Gusti Yésus banjur tindak
menyang ara-ara samun.
13 Ana ing kono lawasé patang
puluh dina, digodha déning Iblis. Ing
panggonan kono uga ana kéwan-kéwané
galak, nanging para malaékat padha
teka ngladosi Panjenengané.
14 Bareng Nabi Yohanes dikunjara, Gusti
Yésus nuli tindak menyang tanah Galiléa
memulang bab Injilé[b] Gusti Allah.
15 Pangandikané: "Saiki wis wayahé
Gusti Allah ngedegaké Kratoné. Padha
mratobata, ninggala dosa-dosamu lan
precayaa marang Injil."
16 Nalika Gusti Yésus tindak ing
sauruting pesisiré Tlaga Galiléa,
Panjenengané pirsa Simon lan seduluré,
sing jeneng Andréas. Simon lan Andréas
mau lagi padha njala iwak ing tlaga
kono.
17 Pangandikané Gusti Yésus marang
Simon lan Andréas mau: "Padha mèlua
Aku. Kowé bakal Dakwarahi njala wong."

---

[b]Injil: tegesipun pawartos kabingahan saking Gusti Allah, ingkang paring pangapuntening dosa lan gesang langgeng dhateng saben tiyang ingkang pitados dhateng Gusti Yésus, Putranipun Allah.

18 Sanalika wong loro mau ninggal
jalané lan ndhèrèk Gusti Yésus.
19 Gusti Yésus nerusaké tindaké lan
pirsa menèh wong loro kakang-adhi,
yakuwi Yakobus lan Yohanes, anak-anaké
Zébedéus. Wong loro mau lagi padha
ana ing prau, nyulami jalané.
20 Bareng Gusti Yésus pirsa, nuli
uga ditimbali. Sekaroné nuli ninggal
Zébedéus, bapakné, lan para buruhé ana
ing prau, banjur ndhèrèk Gusti Yésus.
21 Gusti Yésus lan para muridé enggoné
tindak wis tekan kutha Kapèrnaum.
Ing dina Sabbat candhaké, Gusti Yésus
mlebet ing sinagogé[c] lan miwiti mulang.
22 Wong-wong sing ngrungokaké padha
gumun bab caranè mulang. Enggoné
mulang kanthi pangwasa, ora kaya
pamulangé ahli Torèt.
23 Nalika Gusti Yésus lagi mulang mau,
dumadakan ana wong kepanjingan
dhemit mlebu ing sinagogé kono, karo
bengok-bengok,
24 "Yésus wong Nasarèt, aku arep
kokkapakaké? Apa teka-Mu mréné arep
matèni aku? Aku ngerti kowé kuwi sapa:

---

[c]sinagogé: menika papan pangibadahipun tiyang Yahudi.

Kowé kuwi Wong suci, utusané Gusti
Allah!"
25 Roh mau nuli disentak Gusti Yésus,
pangandikané: "Meneng, metua saka
wong kuwi!"
26 Dhemit mau nuli ngontang-antingaké
wongé, banjur metu karo jerit-jerit.
27 Wong kabèh padha ndomblong merga
saka gumuné, lan padha rasanan: "Wah,
hébat banget. Iki piwulang anyar, sing
apik banget. Wong kuwi koksekti temen!
Bisa mréntah marang dhemit, lan dhemit
sing didhawuhi kokiya manut!"
28 Krana lelakon mau kabar bab Gusti
Yésus cepet banget sumebar ana ing
tanah Galiléa.
29 Sawisé kuwi Gusti Yésus lan para
muridé nuli metu saka sinagogé lan
menyang omahé Simon lan Andréas.
Yakobus lan Yohanes uga padha ndhèrèk.
30 Nalika semono ibuné maratuwa
Simon lagi lara panas, nggluntung ana
ing peturon. Bareng Gusti Yésus lan sing
padha ndhèrèk tekan kono, Gusti Yésus
nuli diaturi pirsa bab larané wong mau.
31 Gusti Yésus nuli marani sing lara.
Tangané wong mau dicandhak lan wongé

ditangèkaké. Larané panas nuli mari, lan
banjur ngladèni para tamuné.
32 Bareng srengéngéné surup, wong-
wong padha nggawa sakèhing wong sing
lara lan wong sing kepanjingan dhemit,
disowanaké marang Gusti Yésus.
33 Wong sakutha padha nglumpuk ana
ing lataré omah.
34 Gusti Yésus banjur marasaké
wong-wong mau sing padha nandhang
lara rupa-rupa lan uga nundhungi
dhemit akèh. Gusti Yésus ora nglilani
dhemit-dhemit mau caturan, sebab
dhemit-dhemit kuwi padha ngerti Gusti
Yésus kuwi sapa.
35 Ésuké, isih umun-umun, Gusti Yésus
wungu saré, terus tindak menyang
panggonan sing sepi, prelu ndedonga.
36 Panjenenganè nuli digolèki déning
Simon lan kanca-kancané.
37 Bareng wis ketemu, nuli padha
matur: "Guru, sedaya tiyang madosi
Panjenengan."
38 Nanging Gusti Yésus ngandika:
"Kita kudu nerusaké laku kita menyang
désa-désa liyané ing sakiwa-tengené
kéné. Aku uga kudu martakaké Injil

ana ing kono, sebab yakuwi preluné
enggon-Ku teka mréné."
39 Mulané Gusti Yésus nuli ndlajahi
setanah Galiléa kabèh. Panjenenganė
martosaké Injil ana ing sinagogé-
sinagogé lan nundhungi dhemit-dhemit.
40 Ana wong lara kusta sowan ing
ngarsané Gusti Yésus. Wong mau
jèngkèng, lan nyuwun supaya Gusti
Yésus kersa paring pitulungan. Aturé:
"Guru, menawi Panjenengan kersa,
Panjenengan saged nyarasaken kula."
41 Gusti Yésus mesakaké marang wong
mau. Mulané banjur mulung astané.
Wong mau didemèk lan ngandika: "Aku
kersa. Warasa!"
42 Sanalika lelarané ilang, lan wong
mau dadi waras.
43 Gusti Yésus nuli ndhawuhi lunga
wong mau, karo diweling mengkéné:
44 "Poma, kowé aja kandha sapa-sapa
bab enggonmu wis diwarasaké. Terus
sowana waé marang imam, lan nyuwuna
imam mau mriksa awakmu. Sawisé
kuwi kowé nyaosna kurban marang
Gusti Allah, manut prenatané Nabi
Musa, kanggo mbuktèkaké marang

wong-wong, yèn kowé wis mari
temenan."
45 Nanging salunganè saka kono, wong
mau wiwit nyebaraké pawarta kuwi
tekan ngendi-endi. Mulané saben wong
banjur ngerti, nganti Gusti Yésus ora
bisa ngèdhèng mlebu ing kutha endi
waé. Temah Panjenenganè kèndel ana
ing sanjabanè kutha, ing panggonan-
panggonan sing sepi. Éwasemono wong
saka ngendi-endi meksa padha teka
marani Panjenenganè.
2 1 Sawisé sawetara dina Gusti
Yésus rawuh menèh ing kutha
Kapèrnaum. Wong akèh padha krungu,
yèn Panjenenganè ana ing ndalem,
2 mula akèh wong sing padha teka
mrono. Saking akèhé wong sing padha
ngumpul ana ing kono, nganti ora ana
panggonan sing sela. Malah ngarep
lawang waé uga kebak wong. Gusti
Yésus nuli mulangaké dhawuhé Gusti
Allah.
3 Satengahé memulang, dumadakan
ana wong lumpuh arep disowanaké.
Wong mau digotong wong papat.
4 Nanging saking akèhé wong,
wong lumpuh mau ora bisa digawa

menyang ngarsané Gusti Yésus. Mulané
wong-wong sing padha nggotong nuli
padha mbukak payoning omah, pas
sandhuwuré panggonan sing dilenggahi
Gusti Yésus. Sawisé kuwi wong sing
lumpuh mau nuli diudhunaké ana ing
ngarsané Gusti Yésus, gumléthak ing
peturon lambaran klasa.[d]
5 Bareng Gusti Yésus mirsa gedhéning
pengandelé wong-wong mau,
Panjenengané nuli ngandika marang
wong sing lumpuh mau: "Anak-Ku,
dosa-dosamu wis diapura."
6 Nalika semono ana para ahli Torèt
sawetara sing uga padha lungguh
ana ing kono. Wong-wong mau padha
mbatin:
7 "Wong kuwi kokwani-waniné
nyenyamah marang Gusti Allah kaya
mengkono. Awit mung siji sing bisa
ngapura dosa, yakuwi Gusti Allah
piyambak!"
8 Sanalika iku uga Gusti Yésus pirsa apa
sing dibatin déning para ahli Torèt mau.
Mulané nuli ngandika: "Yagéné kowé
padha duwé pikiran mengkono?

---

[d]lambaran klasa: karo klasané.

9 Luwih gampang endi, muni marang
wong lumpuh iki ‘Dosamu wis diapura,’
karo muni ‘Tangia, peturonmu angkaten
lan mlakua?’
10 Aku kepéngin nuduhaké marang
kowé yèn Putraning Manungsa kwasa
ngapura dosa ana ing bumi kéné." Gusti
Yésus nuli ngandika marang sing lumpuh
mau,
11 "Dhawuh-Ku marang kowé, tangia,
peturonmu angkaten lan muliha!"
12 Ana ing sangarepé wong akèh wong
sing lumpuh mau ngadeg maknyat,
ngangkat peturoné, banjur lunga. Wong
kabèh padha kaéraman lan memuji
marang Gusti Allah. Wong-wong mau
padha muni: "Lelakon kaya ngéné iki
kita durung tau ngalami."
13 Sawisé lelakon mau Gusti Yésus
tindak menèh menyang sapinggiring
Tlaga Galiléa. Akèh wong sing padha
marani. Gusti Yésus banjur mulang
wong-wong mau.
14 Nalika lagi tindak Gusti Yésus pirsa
pegawé pajeg, jenengé Lèwi anaké
Alféus, lagi lungguh ana ing kantoré.
Gusti Yésus nimbali wong mau: "Lèwi,

mèlua Aku." Lèwi nuli ngadeg lan
ndhèrèk Gusti Yésus.
15 Sawisé kuwi Gusti Yésus diaturi
dhahar ana ing omahé Lèwi. Nalika
semana pinuju akèh pegawé pajeg lan
wong-wong sing dianggep ala déning
masarakat, padha ndhèrèkaké Gusti
Yésus. Ing antarané wong-wong mau
akèh sing mangan tunggal saméja karo
Gusti Yésus lan para muridé.
16 Ana para ahli Torèt sawetara, saka
golonganè wong Farisi, weruh Gusti
Yésus dhahar bebarengan karo pegawé
pajeg lan wong-wong sing dianggep ala
déning masarakat mau. Mulané para ahli
Torèt mau nuli padha takon marang para
muridé: "Yagéné Gurumu kokdhahar
bebarengan karo pegawé pajeg lan
wong-wong ala kuwi?"
17 Mireng pitakoné para ahli Torèt mau
Gusti Yésus nuli ngandika: "Wong sing
waras mono ora mbutuhaké dhokter;
mung wong sing lara waé. Teka-Ku ora
nimbali wong sampurna, nanging wong
dosa."
18 Nalika semono para muridé Nabi
Yohanes Pembaptis lan para wong Farisi
lagi padha pasa. Nuli ana wong sawetara

padha sowan marang Gusti Yésus lan
nyuwun pirsa: "Menapa sebabipun
déné murid-muridipun Nabi Yohanes
Pembaptis lan para muridipun tiyang
Farisi sami siyam, nanging para murid
Panjenengan kokmboten?"
19 Gusti Yésus ngandika: "Apa kowé tau
tumon ana tamu ing panggonané wong
mantu padha pasa? Sajroné pengantèn
lanang isih nemoni tamuné, para tamu
mesthi padha mangan.
20 Nanging samangsa pengantèn lanang
mau dibedhol lan ninggal tamu-tamuné,
lagi para tamu mau padha ora mangan.
21 Ora ana wong sing nambal klambi
lawas nganggo bakal sing anyar. Awit
saupama mengkono, bakal anyar kuwi
malah bakal nyuwèkaké klambi sing
lawas mau. Dadi suwèké malah saya
amba.
22 Mengkono uga ora ana wong madhahi
anggur anyar ana ing impes lulang sing
wis lawas. Awit saupama mengkono,
anggur anyar mau bakal ngrusakaké
impes sing lawas. Temahan loro-loroné
ora kanggo nggawé. Anggur anyar
kuduné diwadhahi ing impes sing uga
anyar!"

23 Pinuju dina Sabbat Gusti Yésus tindak
ngliwati sawah gandum, kadhèrèkaké
déning para sekabat. Para sekabat
mau karo mlaku padha nyethuti wulèn
gandum.
24 Wong-wong Farisi nuli padha matur
marang Gusti Yésus: "Panjenengan
pirsani, para sekabat Panjenengan sami
nerak prenataning agami kita; sami
nindakaken prekawis ingkang dipun
awisi ing dinten Sabbat!"
25 Gusti Yésus ngandika: "Apa kowé
durung tau maca bab apa sing
ditindakaké déning Sénapati Dawud,
nalika panjenengané lan para prejurité
padha keluwèn, mangka ora duwé
apa-apa sing kena dipangan?
26 Sénapati Dawud banjur mlebu ing
Pedalemané Allah, lan dhahar roti
cecaosan, sing mesthiné mung kena
dipangan déning para imam thok. Nalika
semono sing dadi Imam Agung Abyatar.
Roti cecaosan mau didhahar, malah para
prejurité uga diparingi."
27 Gusti Yésus mbacutaké
pangandikané: "Dina Sabbat kuwi
gunané kanggo manungsa, ora
kokmanungsa kanggo dina Sabbat.

28 Mula Putraning Manungsa kuwi uga
kwasa ing ngatasé dina Sabbat."

3 1 Gusti Yésus tindak menyang
sinagogé menèh. Ing kono ana wong
sing tanganė céko siji.
2 Lan ing kono uga ana wong-wong sing
arep nggolèki salahé Gusti Yésus, supaya
bisa nggugat marang Panjenengané.
Mulané wong-wong mau tansah padha
ngawasaké, apa Panjenengané arep
marasaké wong ing dina Sabbat.
3 Gusti Yésus dhawuh marang wong
sing tanganė céko sesisih mau: "Mrénéa,
ngadega ana ing tengah kéné."
4 Gusti Yésus nuli ndangu marang
wong-wong sing ana ing kono: "Miturut
prenataning agama, apa sing kena
dilakoni ing dina Sabbat? Nindakaké
penggawé sing becik, apa sing ala?
Nylametaké wong, apa matèni?"
Wong-wong mau ora ana sing kumecap
siji-sijia.
5 Gusti Yésus mirsani wong-wong
mau karo duka, nanging uga prihatin,
ngraosaké alané lan wangkoting atiné
wong-wong mau. Panjenengané nuli
ngandika marang wong sing céko mau:
"Tanganmu athungna!" Wong mau nuli

ngathungaké tangané, temah dadi
waras.
6 Wong-wong Farisi nuli padha metu
saka sinagogé lan énggal-énggal padha
rembugan karo wong-wong saka
golongan Hérodès. Wong-wong mau
padha ngrancang bab patrapé enggoné
arep nyédani Gusti Yésus.
7 Gusti Yésus lan para sekabaté padha
nyingkir menyang Tlaga Galiléa. Akèh
banget wong saka tanah Galiléa sing
padha ndhèrèkaké Gusti Yésus.
8 Éwasemono uga akèh wong sing
tekané saka tanah sabrangé Kali Yardèn,
lan saka sakubengé kutha-kutha Tirus
lan Sidon. Wong-wong mau padha
krungu warta bab pakaryané Gusti
Yésus, mulané kabèh nuli padha
gumrudug marani Panjenenganè.
9 Saking akèhé wong, Gusti Yésus
banjur ndhawuhi para sekabaté
nyawisaké prau, kagem lenggah
Panjenenganè, supaya aja diesuk-esuk
déning wong akèh mau.
10 Sarèhné Gusti Yésus wis marasaké
wong sepirang-pirang, mulané saben
wong sing duwé lelara terus padha

ngesuk, merga kepéngin ndemèk
Panjenengané, supaya dadi waras.
11 Lan wong-wong sing padha
kepanjingan dhemit, yèn padha weruh
Gusti Yésus, nuli padha jèngkèng
ing ngarsané sarta padha mbengok:
"Panjenengan menika Putranipun Allah."
12 Nanging Gusti Yésus menging para
dhemit mau ngandhakaké marang
wong-wong, bab Panjenengané kuwi
sejatiné sapa.
13 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli minggah
ing gunung karo wong sawetara sing
dikersakaké ndhèrèk. Wong-wong mau
banjur padha sowan.
14 Saka wong-wong mau Gusti Yésus
milih wong rolas, sing disebut rasul.
Pangandikané Gusti Yésus marang wong
rolas mau mengkéné: "Kowé wis Dakpilih
supaya mèlu Aku. Aku uga bakal ngutus
kowé martakaké Injiling Allah.
15 Kowé bakal kaparingan pangwasa
nundhungi dhemit-dhemit."
16 Wong rolas sing dipilih déning Gusti
Yésus mau yakuwi: Simon (sing diparabi
Gusti Yésus: Pétrus),[e]

---

[e]Pétrus: saking tembung Yunani, ingkang tegesipun: "Séla karang."

17 Yakobus lan Yohanes, seduluré. Wong
loro kuwi padha anaké Zébedéus, sing
déning Gusti Yésus padha diparabi:
Boanèrgès, sing tegesé: "Anak Gludhug."
18 Banjur Andréas, Filipus, Bartoloméus,
Matius, Tomas, Yakobus anaké Alféus,
Tadéus, Simon, sing diparabi: wong
kendel,
19 sarta Yudas Iskariot, sing ing tembé
bakal ngulungaké Gusti Yésus.
20 Gusti Yésus nuli kondur. Nanging
wong akèh padha teka menèh, nganti
Gusti Yésus lan para sekabaté ora kober
dhahar.
21 Bareng para seduluré Gusti
Yésus padha krungu bab kuwi mau,
banjur padha marani, arep njupuk
Panjenengané, awit wong-wong ngarani
yèn Gusti Yésus wis ora waras.
22 Para ahli Torèt sing padha teka
saka kutha Yérusalèm padha ngarani
yèn Gusti Yésus wis klebon Iblis.[f] Ana
sing muni: "Enggoné bisa nundhungi
dhemit kuwi merga olèh pangwasa saka
penggedhéné dhemit."

---

[f]Iblis: utawi Sétan menika pengagengipun para dhemit. Ugi dipun sebut Béèlzebul.

23 Gusti Yésus nuli nimbali wong akèh
mau, sarta maringi pasemon sawetara.
Pangandikané: "Rak mokal ta, yèn Iblis
nundhung Iblis?
24 Menawa ing sajroning negara ana
pasulayan, lan para wargané padha
memungsuhan siji karo sijiné, negara
kuwi bakal ambruk.
25 Mengkono uga menawa ing sajroning
brayat ora ana kerukunan, lan wargané
padha memungsuhan siji karo sijiné,
brayat mau mesthi bakal bubrah.
26 Mengkono uga menawa ing
kratoné Iblis ana pembrontakan lan
memungsuhan, kraton mau mesthi ora
bisa lestari lan bakal sirna.
27 Rak ora ana wong sing bisa mlebu
ing omahé wong sing luwih rosa lan
njarah rayah barang-darbèké wong
mau? Bisané mung yèn duwé omah
mau dibanda dhisik. Sawisé kuwi lagi
barang-darbèké kena dirampog.
28 Élinga! Sakèhing dosané manungsa
lan sakèhing tembung ala sing diucapaké
déning wong, bisa olèh pangapura.
29 Nanging sapa sing nyenyamah Roh
Suci, kuwi ora bakal olèh pangapura.
Awit dosa kuwi dosa langgeng."

30 (Gusti Yésus ngandika mengkono
mau, merga ana wong singkandha yèn
Panjenenganė kuwi kadunungan roh
reged.)
31 Sawisé kuwi mau ibuné lan sedhèrèk-
sedhèrèké Gusti Yésus padha teka.
Wong-wong mau padha ngentèni ana
ing njaba, lan padha kongkonan wong
ngaturi Gusti Yésus supaya miyos.
32 Nalika semono Gusti Yésus lagi
dirubung wong akèh. Wong-wong mau
nuli padha matur: "Guru, ibu tuwin
sedhèrèk-sedhèrèk Panjenengan sami
wonten ing njawi, badhé kepanggih
Panjenengan."
33 Pangandikané Gusti Yésus: "Ibu-Ku
sapa? Lan sedulur-sedulur-Ku sapa?"
34 Gusti Yésus nuli mirsani wong-wong
sing padha lungguh ing sakubengé,
banjur ngandika: "Iya iki ibu-Ku lan
sedulur-sedulur-Ku!
35 Awit sapa sing nglakoni kersané Gusti
Allah, yakuwi sedulur-sedulur-Ku lanang
lan sedulur-sedulur-Ku wadon, sarta
ibu-Ku."
4 1 Gusti Yésus mulang wong-wong
menèh ana ing sapinggiré Tlaga
Galiléa. Akèh banget wong-wong sing

padha ngrubung Panjenenganè. Mulanè
Panjenenganè kepeksa munggah ana ing
prau, sing ana ing tlaga, lan wong akèh
mau padha ngadeg ana ing gisik.
2 Akèh banget prekara-prekara sing
diwulangakè dèning Gusti Yèsus marang
wong-wong mau. Enggonè mulang
nganggo pasemon-pasemon.
3 Pangandikanè Gusti Yèsus mengkènè:
"Padha rungokna! Ana wong nyebar wiji.
4 Nalika nyebar mau ana wiji sing tiba
ing pinggir dalan. Wiji mau nuli dicucuki
manuk nganti entèk.
5 Wiji liyanè ana sing tiba ing padhasan,
sing lemahè tipis banget. Wiji mau
pancèn gelis thukul,
6 nanging bareng srengèngènè wis
dhuwur, wiji mau kepanasen, nuli alum
lan dadi garing, merga oyodè ora jero
lan lemahè mung sethithik.
7 Wiji liyanè menèh tiba ing panggonan
sing akèh erinè. Erinè iya thukul lan
bareng eri mau saya gedhè, suwè-suwè
banjur ngesuk wiji sing wis thukul mau,
nganti wiji mau ora bisa metokakè woh.
8 Nanging uga ana wiji sing tiba ing
lemah sing subur. Wiji mau thukul, dadi
gedhè, nuli metokakè woh akèh: Ana

sing tikel telung puluh, ana sing tikel
sewidak, lan ana sing tikel satus."
9 Gusti Yésus mungkasi pasemon
mau srana ngandika: "Rungokna sing
temenan, yèn kupingmu isih kena
kanggo ngrungokaké!"
10 Nalika Gusti Yésus piyambakan, ana
wong sawetara sing mèlu ngrungokaké
pangandikané mau padha sowan,
bebarengan karo para rasul rolas, padha
nyuwun marang Gusti Yésus kersaa
nerangaké karepé pasemon mau.
11 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong-wong mau: "Kowé wis padha
diwulang bab wewadining Kratoné Allah,
nanging tumrap wong-wong njaba,
prekara kuwi diwulangaké nganggo
pasemon.
12 Sing mengkono kuwi wis dadi kersané
Gusti Allah, supaya: ‘Wong-wong mau
senajan terus ndeleng, nanging ora
weruh, terus ngrungokaké, nanging
ora ngerti, sebab yèn wong-wong mau
weruh lan ngerti, bisa uga wong mau
nuli padha mratobat lan padha diapura
dosané.’"
13 Gusti Yésus nuli ndangu marang
wong-wong mau: "Menawa kowé padha

ora ngerti isiné pasemon kuwi, apa kowé
ngerti tegesé pasemon-pasemon liyané?
14 Wong nyebar kuwi ibaraté wong sing
nyebaraké pangandikané Gusti Allah.
15 Ana kalané pangandika mau tiba
ing pinggir-pinggir dalan. Kuwi ibaraté
wong-wong sing padha ngrungu
pangandika mau, nanging ora suwé Iblis
nuli teka lan mbuwang pangandika sing
dirungu mau saka atiné.
16 Wiji sing tiba ana ing padhasan kuwi
ibaraté wong-wong sing padha krungu
pangandika mau lan nampa klawan
bungahing ati.
17 Nanging pangandika mau ora nganti
ngoyod ana ing atiné. Mulané ora
tahan suwé ana ing kono. Bareng ana
panindhes lan panganiaya marang
wong sing padha precaya marang
pangandikané Gusti Allah mau,
wong-wong kuwi banjur padha murtad.
18 Déné wiji sing tiba ana ing panggonan
eri, kuwi ibaraté wong-wong sing padha
ngrungokaké pangandika kuwi,
19 nanging dayané pangandika mau
didhesek déning rasa kuwatir tumrap
panguripan kadonyan. Sebab wong-
wong mau padha kepéngin dadi

wong sugih lan keburu nepsu tumrap
prekara rupa-rupa, nganti pungkasané
pangandikané Gusti Allah mau ora
ndayani wong mau menèh, satemah
pangandika kuwi ora metokaké woh.
20 Pangandika sing disebar ana ing
tanah subur kuwi ibaraté wong-wong
sing padha krungu, nuli nampani
pangandika mau klawan precaya,
satemah metu wohé, ana sing tikel
telung puluh, ana sing tikel sewidak lan
ana sing tikel satus."
21 Gusti Yésus nglajengaké ngandika:
"Apa ana wong sing nyumed lampu, nuli
ditutupi tompo, utawa disèlèhaké ana
ing longan? Apa lampu mau ora malah
disèlèhaké ana ing ajug-ajug?
22 Sabarang kang kesidhem bakal
kelair. Lan sabarang kang winadi bakal
kawiyak.
23 Mulané rungokna sing temenan, yèn
kupingmu isih bisa ngrungokaké."
24 Pangandikané Gusti Yésus saterusé:
"Titènana apa sing saiki kokrungu!
Ukuran-ukuran sing kokenggo ngadili
wong liya, ya ukuran kuwi sing diagem
déning Gusti Allah kanggo ngadili kowé,
malah luwih abot menèh!

25 Sapa sing duwé, bakal diwuwuhi,
nanging sapa sing ora duwé, dalasan
barang sethithik sing diduwèni kuwi
bakal kapundhut."
26 Gusti Yésus nglajengaké ngandika
mengkéné: "Kratoné Allah kuwi kena
diupamakaké kaya wong sing nyebar wiji
ana ing pategalané.
27 Wong mau ing wayah wengi turu,
ésuké tangi. Déné wiji-wiji mau thukul
terus lan dadi gedhé. Nanging kepriyé
carané wiji-wiji mau thukul, wong mau
dhéwé ora ngerti.
28 Lemah kuwi dhéwé sing marakaké
wiji mau thukul lan metu gandumé; sing
dhisik dhéwé pucuké, banjur gagangé
kembang; nuli wulèné.
29 Samangsa gandum mau wis tuwa,
wong mau banjur ngenèni, awit wis
tekan wayahé panèn."
30 Gusti Yésus ndangu menèh: "Kratoné
Allah kuwi kena diupamakaké apa? Apa
sing kena kita enggo conto kanggo
nerangaké?
31 Kratoné Allah kuwi kaya wiji sawi,
wiji sing cilik dhéwé sajagad.
32 Menawa ditandur, nuli thukul lan dadi
gedhé, ngungkuli tanduran-tanduran

jejanganan liyané. Pang-pangé ketel,
nganti manuk-manuk bisa padha méncok
lan gawé susuh ana ing pang-pang
mau."
33 Mengkono Gusti Yésus enggoné
mulangaké pangandikané Gusti Allah
marang wong-wong, yakuwi ngagem
pasemon, sing gampang dingertèni.
34 Gusti Yésus enggoné mulang wong-
wong mesthi ngagem pasemon. Mung
samangsa Panjenengané piyambakan
karo para muridé, lagi kabèh piwulangé
mau diterangaké.
35 Ing dina kuwi uga, bareng wis soré,
Gusti Yésus ngandika marang para
muridé: "Ayo padha menyang sabrangé
tlaga."
36 Gusti Yésus wis ana sajroning prau;
para rasul nusul, banjur padha mangkat
menyang sabrangé tlaga. Wong-
wong liyané sing padha ndhèrèkaké
Gusti Yésus padha ditinggal ana ing
sapinggiring tlaga kono. Kejaba prau sing
dititihi Gusti Yésus, isih ana prau-prau
liyané.
37 Dumadakan ana prahara, njalari
ombaké uga dadi gedhé, nganti banyuné

ambyuk mlebu ing prau. Suwé-suwé
prauné dadi kebak banyu.
38 Nalika semono Gusti Yésus lagi saré
ana ing mburitan, ngagem bantal. Para
murid banjur padha mungu, aturé:
"Guru, menapa Panjenengan mboten
menggalih? Kita sami badhé kèrem!"
39 Gusti Yésus banjur wungu; anginé
didhawuhi: "Sirep!," lan ombaké
dingandikani: "Lerema!" Anginé banjur
sirep, lan tlagané dadi lerem.
40 Gusti Yésus banjur ndangu marang
para muridé: "Yagéné kowé padha wedi?
Apa seprana-sepréné kowé durung
precaya?"
41 Para rasul mau padha wedi,
sarta padha takon-tinakon: "Sapa
ta Panjenengané kuwi, kokdalasan
angin lan ombak padha manut marang
dhawuhé?"
5 1 Satekané ing sabrangé tlaga, Gusti
Yésus lan para murid padha ndharat
ing tanahé wong Gerasa.
2 Lagi waé mandhap saka ing prau,
banjur ana wong sing kepanjingan
dhemit marani Gusti Yésus. Wong mau
tekané saka ing pekuburan.

3 Pancèn manggoné ana ing kono, lan
wis ora ana wong sing bisa mbanda
dhèwèké. Senajan dibanda nganggo
ranté pisan, mesthi dipedhot.
4 Wis bola-bali wong kuwi tangan lan
sikilé diranté, nanging iya bola-bali
dipedhot.
5 Awan bengi wong sing kepanjingan
dhemit mau klambrangan ana ing
pekuburan kono, utawa ana ing gunung-
gunung, karo bengak-bengok, lan awaké
diantemi dhéwé nganggo watu.
6 Bareng wong sing kepanjingan dhemit
mau saka kadohan weruh Gusti Yésus
rawuh, tumuli marani, lan banjur
jèngkèng ana ing ngarsané,
7 aturé: "Dhuh Gusti Yésus, Putranipun
Allah ingkang Mahaluhur, kula badhé
Panjenengan menapakaken? Panyuwun
kula, demi Allah, mbok kula sampun
Panjenengan siksa!"
8 (Enggoné matur mengkono kuwi,
merga dhemité wis didhawuhidéning
Gusti Yésus: "Hé, dhemit, metua saka
wong kuwi!")
9 Gusti Yésus ndangu marang dhemit
mau: "Sapa jenengmu?" Dhemité

mangsuli: "Nama kula Legiun[g] awit
cacah kula kathah."
10 Dhemit mau nyuwun kanthi adreng
marang Gusti Yésus, supaya dhemit-
dhemit kuwi aja ditundhung saka
panggonan kono.
11 Ana ing pèrènging punthuk, cedhak
panggonan kono, ana babi pirang-pirang
lagi padha golèk pangan.
12 Dhemit-dhemit mau padha nyuwun
marang Gusti Yésus: "Mbok kula sami
kaparengna manggèn ing babi-babi
menika."
13 Gusti Yésus marengaké. Dhemit-
dhemit mau banjur padha metu saka
wong kuwi, tumuli mlebu ing babi-babi,
sing cacahé kira-kira ana rong èwu.
Babi-babi mau banjur padha mudhun
saka ing punthuk, padha ambyur ing
tlaga, lan padha mati kleleb ana ing
kono.
14 Kocapa para pangoné babi-babi mau
tumuli padha mlayu mlebu ing désa,
padha nyritakaké lelakon mau marang
wong-wong ing kono, sing banjur padha
mbuktèkaké apa sing kelakon.

---

[g] Legiun: saking basa Yunani, tegesipun: ‘cacahipun éwon.’

15 Satekané ana ing ngarsané Gusti
Yésus wong-wong kuwi padha weruh
wongé sing kepanjingan dhemit Legiun,
lagi lungguh ing lemah, wis menganggo
genep, lan wis waras. Nanging wong-
wong mau isih padha wedi karo wong
kuwi.
16 Sing padha weruh lelakon mau,
banjur padha nyritakaké marang
wong-wong kang padha teka iku, bab
lelakoné wong sing kepanjingan dhemit,
lan bab babi-babi mau.
17 Wong-wong mau banjur padha
nyuwun klawan adreng marang Gusti
Yésus, supaya kersa tindak saka
panggonan kono.
18 Nalika Gusti Yésus minggah ing prau,
wong kang mentas kepanjingan dhemit
mau matur kelilana ndhèrèk.
19 Gusti Yésus ora marengaké. Malah
wong mau didhawuhi: "Kowé muliha,
ketemua wong-wong ing kampungmu,
padha critanana pakaryané Gusti Allah
kabèh lan gedhéning kamirahané
marang kowé!"
20 Wong mau banjur mangkat lan
martak-martakaké ana ing tlatah
Dékapolis bab apa sing ditindakaké

déning Gusti Yésus marang dhèwèké. Saben wong sing krungu critané padha kaéraman.
21 Gusti Yésus nitih prau menyang sabrangé Tlaga Galiléa menèh. Ana ing kana jumeneng ing sapinggiring tlaga. Tumuli akèh banget wong kang padha sowan ing ngarsané.
22 Banjur ana wong teka, jenengé Yairus. Yairus kuwi penggedhéné sinagogé. Nalika ketemu Gusti Yésus, Yairus nuli jèngkèng ing ngarsané.
23 Yairus nyuwun kanthi adreng, aturé: "Gusti, anak kawula sakit sanget, badhé pejah. Mugi Gusti kersa rawuh ing griya kawula. Gusti kersaa numpangi asta, temah anak kawula badhé saras mboten pejah."
24 Gusti Yésus banjur tindak bebarengan menyang omahé Yairus. Wong akèh banget suk-sukan ndhèrèkaké tindaké.
25 Ana ing antarané wong akèh mau ana wongé wadon siji, sing wis rolas taun lara ngetokaké getih.
26 Wong wadon mau wis katog enggoné ikhtiyar, mretamba menyang dhukun-dhukun, nganti bandhané entèk kanggo

ragad. Nanging ora bisa waras, malah
laranéé saya banget.
27 Wong wadon mau wis krungu critané
wong akèh bab Gusti Yésus. Mulané
dhèwèké nékad nrenjel ing satengahé
wong akèh mau, nyedhaki Gusti Yésus,
arep ndemèk jubahé.
28 Awit wong wadon kuwi duwé
pengandel: "Angger aku bisa ndemèk
jubahé Gusti Yésus, aku mesthi waras."
Bareng wis cedhak karo Gusti Yésus
wong wadon mau banjur ndemèk
jubahé.
29 Sakal wong kuwi mari, getihé
mampet, lan krasa yèn awaké wis waras.
30 Bareng karo mariné wong wadon
mau, Gusti Yésus uga krasa yèn ana
daya sing metu saka ing sariranéé.
Panjenenganéé banjur minger, mirsani
wong akèh kang padha ndhèrèkaké,
sarta ndangu: "Sapa sing ndemèk
jubah-Ku?"
31 Murid-muridé padha matur: "Gusti,
tiyang semanten kathahipun sami
suk-sukan. Kok Gusti ndangu: ‘Sapa sing
ndemèk jubah-Ku?’"

32 Nanging Gusti Yésus terus enggoné
mirsani wong akèh mau, nggolèki wongé
sing wis ndemèk jubahé.
33 Wong wadon sing rumangsa ndemèk
jubahé mau, lan krasa yèn awaké wis
waras, banjur sowan ing ngarsané Gusti
Yésus. Sowané klawan ndhredheg,
merga wedi. Wong wadon kuwi jèngkèng
ing ngarsané, sarta matur blaka.
34 Gusti Yésus banjur ngandika: "Ibu,
precayamu sing mitulungi kowé. Saiki
mundura kanthi tentrem atimu. Laramu
wis mari."
35 Gusti Yésus durung rampung
enggoné ngandika, wis ana susulan teka
saka omahé Yairus, ngaturi yèn anaké
Yairus wis mati. Aturé wong mau marang
Yairus: "Putra panjenengan sampun
tilar-donya. Menapa prelunipun damel
ribedipun Gusti Yésus, kapurih rawuh ing
dalem panjenengan?"
36 Gusti Yésus ora nggatèkaké aturé
susulan mau, nanging paring dhawuh
marang Yairus: "Aja wedi, Yairus!
Precayaa waé!"
37 Wong akèh padha dipenging ndhèrèk
Gusti Yésus, kejaba Pétrus, lan wong loro
sasedulur, yakuwi Yakobus lan Yohanes.

38 Sarawuhé ing omahé Yairus, Gusti
Yésus mireng wong-wong padha nangis
pating jlerit.
39 Gusti Yésus mlebet ing omah, banjur
ngandika karo wong-wong sing padha
nangis mau: "Yagéné kowé padha
nangis lan ribut mengkono kuwi? Bocahé
ora mati. Mung lagi turu!" Nanging
wong-wong mau padha nggeguyu.
40 Gusti Yésus banjur ndhawuhi supaya
wong kabèh padha metu. Bareng wis
padha metu kabèh, Yairus lan bojoné
tuwin Pétrus, Yakobus lan Yohanes,
diajak mlebu ing kamar sing kanggo
nurokaké bocahé sing lara.
41 Gusti Yésus banjur ngasta tangané
bocah kuwi karo ngandika: "Talita kum!"
Jarwané: "Gendhuk, kowé tangia!"
42 Sanalika bocah wadon mau tangi,
banjur mlaku. (Umuré bocah mau wis
rolas taun.) Bapak lan ibuné apa déné
para murid padha gumun banget.
43 Gusti Yésus meling wanti-wanti
marang wong-wong, supaya aja nganti
ana wong sing ngerti lelakon mau.
Sawisé mengkono, "Panjenenganè
dhawuh, supaya bocahé diwènèhi
mangan."

6 1 Saka ing omahé Yairus, Gusti Yésus
tindak menyang ing kutha asalé
(yaiku kutha Nasarèt). Para rasul padha
ndhèrèk.
2 Ing dina Sabbat Gusti Yésus mulang
ing sinagogé. Wongé kang padha
ngibadah akèh banget. Nalika wong-
wong mau ngrungokaké piwulangé,
kabèh padha gumun. Wong-wong mau
padha takon-tinakon: "Kawruhé wong
kuwi olèhé saka ngendi? Kokdadi pinter
temen? Kokkwasa gawé mujijat-mujijat
barang?
3 Apa kuwi dudu Yésus, tukang kayu,
anaké Maryam kaé? Sing sedulur-
seduluré jenengé Yakobus, Yusuf,
Yudas lan Simon? Sedulur-seduluré
wadon rak ya padha manggon ana ing
kutha Nasarèt kéné ta?" Wekasané
wong-wong mau padha nampik marang
Panjenengané.
4 Mula Gusti Yésus banjur ngandika
karo wong-wong mau: "Nabi mono
ana ing ngendi-endi diajèni déning
wong, kejaba ana ing kuthané dhéwé,
wongé padha ora ngajèni, semono uga
sedulur-seduluré."

5 Mulané ana ing kono Gusti Yésus ora
kersa damel mujijat. Mung marasaké
wong lara sawetara, srana katumpangan
astané.
6 (6-6a) Gusti Yésus gumun, déné
wong-wong ing kono padha ora gelem
precaya. (6-6B) Gusti Yésus banjur
tindak menyang désa-désa ing sakiwa-
tengené kutha Nasarèt, mulangaké
pangandikané Allah.
7 Gusti Yésus banjur nimbali muridé
rolas. Murid-murid mau padha diutus
loro-loro sarta padha diparingi pangwasa
nundhungi dhemit.
8 Piwelingé marang para muridé: "Kowé
aja padha nggawa apa-apa sajroning
lakumu, kejaba mung nyangking teken.
Aja nggawa roti, aja sangu dhuwit.
9 Kowé kena nganggo sepatu, nanging
aja nggawa klambi rangkep."
10 Sabanjuré para muridé mau padha
didhawuhi: "Menawa kowé wis olèh
pondhokan, manggona ana ing kono,
nganti mangkat menèh nerusaké
lakumu.
11 Menawa kowé mlebu ing sawijining
omah, mangka kang duwé omah ora
gelem nampani kowé, ateges wong

kuwi uga ora gelem ngrungokaké
piwulangmu. Lebu kang ana ing sikilmu
ketabna, banjur lungaa saka ing kono.
Kuwi minangka pepéling marang wong
sing duwé omah mau."
12 Murid rolas mau banjur padha
mangkat, mulang wong-wong, supaya
padha mratobat.
13 Akèh dhemit sing padha ditundhungi
déning murid-murid mau. Uga akèh
wong lara sing padha diwarasaké
nganggo diblonyo ing lenga.
14 Asmané Gusti Yésus wis kondhang
tekan endi-endi. Sang Prabu Hérodès iya
mireng bab Panjenengané. Akèh wong
sing ngira yèn Gusti Yésus kuwi Yohanes
Pembaptis. Kandhané wong-wong: "Nabi
Yohanes Pembaptis wis wungu saka ing
antarané wong mati. Mulané kagungan
kasektèn sing semono gedhéné."
15 Nanging wong liyané ana sing
kandha: "Ah, kuwi Nabi Élia!" Wong
liyané menèh kandha: "Kuwi rak nabi
kaya dhèk jaman kuna biyèn."
16 Krungu kandhané wong sing
werna-werna mau Sang Prabu Hérodès
ngandika: "Kuwi Nabi Yohanes. Mauné

prejurit-prejurit wis dakkon nugel
guluné, nanging banjur urip menèh."
17 Awit mauné Sang Prabu Hérodès wis
ndhawuhi para prejurit supaya nyekel
Nabi Yohanes, banjur ditahan, merga
wani melèhaké Sang Prabu Hérodès,
olèhé nggarwa Hérodias. Hérodias kuwi
bojoné Filipus, seduluré Hérodès.
18 Aturé Nabi Yohanes marang Sang
Prabu Hérodès mengkéné: "Sang Prabu
mboten kénging nggarwa Hérodias,
sebab menika sémahipun Filipus,
sedhèrèkipun Sang Prabu piyambak."
19 Iya merga enggoné melèhaké
Sang Prabu Hérodès mengkono mau,
Hérodias ngincim-incim Nabi Yohanes
arep dipatèni, nanging ora bisa, merga
dialang-alangi déning Sang Prabu
Hérodès.
20 Sang Prabu Hérodès dhéwé éring
karo Nabi Yohanes. Mulané dhawuh
supaya kalebokaké ing pakunjaran waé
nganggo dijaga temenan. Sang Prabu
Hérodès mirsa, yèn Nabi Yohanes kuwi
utusané Gusti Allah. Yèn Nabi Yohanes
Pembaptis memulang, Sang Prabu
Hérodès seneng mirengaké, senajan

piwulang mau marakaké penggalihé dadi
wedi lan bingung.
21 Wekasané Hérodias keturutan
karepé, yakuwi nalika Sang Prabu
Hérodès lagi mèngeti dina wiyosané.
Nalika semono dianakaké pésta ana
ing pendhapa kedhaton, ngulemi para
penggedhé, para perwira tentara lan
para pemimpining masarakat ing tanah
Galiléa.
22 Ana ing pésta kono, putra putriné
Hérodias mbeksa apik banget, gawé
kepranané para tamu kabèh sarta Sang
Prabu. Mulané Sang Prabu Hérodès
ngandika marang putri mau: "Kowé
kepéngin apa, nyuwuna waé, mesthi
bakal dakparingi."
23 Malah dhawuhé mau dikanthèni
sumpah, ngandikané: "Aku janji bakal
maringi apa waé sing koksuwun, senajan
nganti separoning negara pisan."
24 Putri mau banjur metu lan matur
marang ibuné: "Ibu, menapa ingkang
kedah kula suwun dhateng Sang Prabu?"
Ibuné ngajani: "Nyuwuna sirahé Nabi
Yohanes Pembaptis."
25 Putri mau banjur bali mlebu menèh
ing pendhapa kedhaton, nuli matur

marang Sang Prabu Hérodès: "Kawula
mugi dipun paringi sirahipun Nabi
Yohanes Pembaptis, kawadhahana ing
baki!"
26 Mireng aturé putri mau Sang Prabu
Hérodès sedhih banget, nanging ora bisa
nulak, jalaran wis kalah janji. Tur janji
mau nganggo sumpah, lan wis diseksèni
déning para tamu.
27 Sang Prabu Hérodès banjur utusan
prejurit supaya nigas guluné Nabi
Yohanes Pembaptis. Prejurit mau nuli
mangkat menyang pakunjaran lan nigas
guluné Nabi Yohanes Pembaptis.
28 Sirahé diwadhahi ing baki, banjur
ditampakaké marang putra putriné
Hérodias. Putri mau banjur ngaturaké
sirahé Nabi Yohanes Pembaptis marang
ibuné.
29 Bareng para muridé Nabi Yohanes
Pembaptis krungu bab iku, banjur padha
teka ngukup layoné lan disarèkaké.
30 Para rasul padha bali saka enggoné
diutus déning Gusti Yésus, mulangaké
pangandikané Allah, banjur padha
nglumpuk sowan ing ngarsané. Apa sing
wis ditindakaké lan diwulangaké marang
wong, diaturaké marang Gusti Yésus.

31 Ing kono akèh wong sing padha
lunga-teka, nganti Gusti Yésus lan para
rasul padha ora kober dhahar. Mulané
banjur ngandika marang para rasul:
"Ayo padha golèk panggonan sing sepi,
supaya kita bisa ndhéwé lan kowé bisa
padha ngaso sawetara."
32 Gusti Yésus lan para murid banjur
padha mrau menyang panggonan sing
sepi.
33 Nanging akèh wong sing padha
weruh enggoné tindak, sarta uga padha
ngerti panggonan sing arep diparani
Gusti Yésus lan para rasul mau, mula
banjur akèh wong saka kutha-kutha ing
wilayah kono sing padha mlaku, ndhisiki.
34 Nalika mandhap saka ing prau,
Gusti Yésus pirsa wong akèh wis padha
ana ing kono. Mirsani wong-wong mau
Gusti Yésus mesakaké, awit padha kaya
wedhus sing ora ana pangoné. Gusti
Yésus banjur paring piwulang akèh-akèh
marang wong-wong mau.
35 Bareng wis soré para rasul padha
matur: "Samenika sampun sonten.
Mangka panggènan ngriki sepen, tebih
Lèr, tebih Kidul.

36 Mila mbok tiyang-tiyang menika dipun
dhawuhana bibar kémawon, supados
sami saged tumbas tetedhan wonten
ing dhusun-dhusun utawi kampung-
kampung ing sakiwa-tengenipun
ngriki."
37 Gusti Yésus ngandika: "Mbok kowé
waé padha mènèhana mangan." Para
rasul padha matur: "Menapa kersa
Panjenengan kawula sami késah tumbas
roti pengaos kalih atus dinar kanggé
tiyang-tiyang menika?"
38 Gusti Yésus ndangu: "Kowé isih
padha duwé roti pira? Coba, tilikana!"
Para rasul padha niliki, banjur padha
matur: "Wonten roti gangsal, lan ulam
kalih."
39 Gusti Yésus tumuli ndhawuhi
para rasul, supaya wong akèh mau
dipantha-pantha lan dikon lungguh ana
ing pasuketan.
40 Saben sapantha ana sing satus, ana
sing sèket.
41 Gusti Yésus banjur mundhut rotiné
lima lan iwaké loro mau. Panjenengané
banjur tumenga ing langit, ndedonga.
Sawisé mengkono, Gusti Yésus banjur
nyuwil-nyuwil roti lima mau, tumuli

diparingaké marang para rasul, supaya
padha diedum marang wong-wong
mau. Semono uga iwaké loro, iya
dicuwil-cuwil, banjur diedum.
42 Kabèh padha mangan nganti wareg.
43 Sawisé padha mangan kabèh,
turahané roti lan iwak diklumpukaké
déning para rasul, nganti rolas wakul
kebak.
44 Cacahé wong lanang sing padha
mangan roti lan iwak mau ana limang
èwu.
45 Gusti Yésus banjur énggal-énggal
ndhawuhi murid-muridé, supaya padha
ndhisiki nunggang prau menyang kutha
Bètsaida, ing sabrangé Tlaga Galiléa.
Déné Gusti Yésus nuli ndhawuhi wong
akèh mau, supaya padha mulih.
46 Sawisé nguntapaké murid-muridé,
Gusti Yésus banjur minggah ing gunung,
prelu ndedonga.
47 Bareng wis wengi, prau sing
ditunggangi para muridé wis ana ing
satengahé tlaga, nanging Gusti Yésus
isih ana ing dharatan.
48 Gusti Yésus pirsa, yèn para muridé
kanthi rekasa enggoné melahi prauné,
awit anginé nampek. Mulané nalika

kira-kira antarané jam telu lan jam nem
ésuk, Gusti Yésus nusul murid-muridé,
srana tindak napak banyu ing tlaga.
Tindaké terus waé, kaya-kaya arep
nglangkungi para murid.
49 Bareng murid-murid weruh Gusti
Yésus tindak napak ing banyu mengkono
mau, padha ngira, yèn kuwi memedi.
50 Saking wediné nuli padha njerit,
sebab kabèh padha weruh sing dikira
memedi kuwi, mulané kabèh padha
kagèt. Nanging Gusti Yésus banjur
énggal-énggal ngandikani murid-murid
mau: "Hé! Aja wedi! Iki Aku!"
51 Gusti Yésus banjur minggah ing prau,
lan anginé dadi mendha. Murid-muridé
padha gumun banget,
52 sebab mujijat bab roti lima waé isih
njudhegaké. Murid-murid mau angèl
banget bisané ngerti.
53 Gusti Yésus lan para muridé padha
ndharat ing Génésarèt, ana ing sabrangé
Tlaga Galiléa.
54 Lagi waé tedhak saka ing prau,
wong-wong mau padha ora pangling yèn
kuwi Gusti Yésus.
55 Wong-wong mau banjur padha mlayu
mlebu ing kampung-kampung kono

kabèh, lan banjur padha teka menèh
nggotongi wong-wong lara, kasèlèhaké
ing klasa, disowanaké Gusti Yésus.
Angger padha krungu, yèn Gusti Yésus
rawuh, ana ing ngendi waé, wong-wong
banjur padha nyowanaké wong-wong
sing lara ana ing ngarsané.
56 Saben Gusti Yésus rawuh, embuh
ana ing kampung, embuh ana ing kutha,
utawa ana ing désa, wong-wong kono
mesthi padha teka, lan nglumpukaké
wong-wongé sing lara ana ing alun-alun.
Wong-wong mau banjur padha matur
marang Gusti Yésus, supaya wong-wong
sing padha lara diparengna ndemèk
Panjeneganė, senajan mung pucuking
jubahé waé, mesthi nuli waras.

7

1 Ana wong Farisi lan para ahli Torèt
sawetara saka ing kutha Yérusalèm,
padha sowan Gusti Yésus.
2 Wong-wong mau wis tau padha weruh,
nalika muridé Gusti Yésus sawetara
padha mangan, tanganė tanpa wisuh
dhisik, ora manut prenatané wong Farisi.
3 Wong-wong Farisi, semono uga wong
Yahudi padha setya nglakoni adat
sing diwarisaké déning para leluhuré.

Wong-wong mau ora bakal mangan,
menawa durung padha wisuh tangané.
4 Wong-wong mau iya ora bakal mangan
panganan saka pasar, menawa durung
dikumbah dhisik. Lan isih akèh menèh
prenatan liyané sing padha diwarisi
saka para leluhuré, sing padha diugemi
banget, kayata: bab caranė ngasahi
gelas, cangkir, grabah saka tembaga, lan
carané nebahi peturon.
5 Mulané wong-wong Farisi lan para
ahli Torèt mau padha nyuwun pirsa
karo Gusti Yésus: "Menapa sebabipun
murid-murid Panjenengan kokmboten
nglampahi adat ingkang dipun warisaken
déning para leluhur? Menapa sebabipun
koksami nedha tanpa wisuh tangan
rumiyin?"
6 Gusti Yésus ngandika: "Pancèn cèples
banget sing diweca déning Nabi Yésaya,
bab wong-wong lamis sing kaya kowé
kuwi. Ing kitabé Nabi Yésaya ana tulisan
mengkéné: ‘Pangandikané Gusti Allah,
wong-wong kuwi ngurmati Aku mung
ana ing lambé waé. Nanging atiné
sanyatané adoh saka Aku.
7 Tanpa guna wong-wong kuwi padha
nyembah marang Aku, sebab padha

mulang wong dikon nglakoni prenatan-prenatané manungsa dipadhakaké karo prenatan-Ku.’
8 Préntah-préntahé Gusti Allah koksingkiraké, banjur prenatan-prenatané manungsa kokleluri."
9 Gusti Yésus banjur ngandika menèh karo wong-wong mau: "Kowé padha pinter banget nyingkiraké préntahé Gusti Allah, supaya kowé padha bisa nganggo piwulangmu dhéwé.
10 Nabi Musa rak wis paring dhawuh mengkéné: ‘Padha ngajènana bapak lan ibumu,’ lan ‘sapa sing nyepèlèkaké bapak lan ibuné, kuwi mesthi diukum pati.’
11 Nanging kowé padha mulangaké: Menawa ana wong sing duwé barang sing kena dienggo nulungi bapak lan ibuné, mangka banjur matur marang bapakné utawa ibuné: ‘Barang gadhahan kula sampun kula anggé caos kurban,’ (caos kurban kuwi cecaos marang Gusti Allah),
12 wong mau nuli dianggep luwar saka kuwajibané tumrap bapak lan ibuné.
13 Dadi srana prenatan-prenatan sing kokwulangaké marang wong-wong mau,

kowé padha njalari préntah-préntahé
Gusti Allah ora kanggo. Mangka isih akèh
menèh prekara-prekara kaya mengkono
kuwi sing koklakoni."
14 Wong akèh mau ditimbali menèh
déning Gusti Yésus, banjur padha
dingandikani: "Rungokna, lan padha
ngertia!
15 Wong ora dadi najis merga barang
saka njaba sing mlebu ana ing wong,
nanging merga barang sing metu saka
wong mau.
16 [Mulané sapa sing duwé kuping,
padha ngrungokna!]"
17 Wong akèh mau tumuli ditilar mlebet
déning Gusti Yésus. Ing njero omah,
murid-muridé padha nyuwun pirsa, apa
tegesé pasemon mau.
18 Gusti Yésus ngandika marang para
muridé: "Apa kowé kuwi ya bodho,
padha karo wong-wong kuwi mau? Apa
kowé ya ora ngerti, yèn barang sing saka
njaba mlebu ing wong, kuwi ora bisa
ndadèkaké wong kuwi najis?
19 Sebab barang sing mlebu kuwi ora
mlebu ing atiné, nanging mlebu ing
wetengé, lan sebanjuré bakal metu
menèh saka badané." (Srana pangandika

mau Gusti Yésus nerangaké yèn kabèh
panganan kuwi kalal.)
20 Gusti Yésus banjur ngandika menèh:
"Sing metu saka manungsa, kuwi sing
marahi manungsa dadi najis.
21 Sebab kuwi metu saka njeroning
atiné manungsa. Ya saka ing ati kuwi
tekané pikiran-pikiran ala sing njalari
wong laku jina, nyolong, matèni,
22 laku bandrèk, srakah, lan sakèhé
penggawé ala, ngapusi, kurang ajar,
mèri, memisuh, umuk, sembrana.
23 Kabèh sing ala kuwi metu saka
njeroné manungsa. Lan ya kuwi sing
marahi manungsa dadi najis."
24 Saka ing papan kono, Gusti Yésus
banjur tindak menyang kutha Tirus.
(Tirus kuwi kutha ana ing sapinggiré
Segara Tengah, kapener salor kuloné
Tlaga Galiléa.) Ana ing Tirus kono,
Gusti Yésus mlebu ing sawijining omah,
kersané aja nganti ana wong sing
ngerti, yèn Panjenengané ana ing kono.
Nanging nyatané ora mengkono, sebab
wong-wong padha ngerti, menawa Gusti
Yésus ana ing kono.
25 Ana wong wadon sing tau krungu
critané wong bab Gusti Yésus, duwé

anak wadon sing kepanjingan dhemit.
Wong mau banjur sowan, jèngkèng ing
sampéyané Gusti Yésus, nyuwun supaya
Gusti Yésus kersa nundhung dhemit sing
nyurupi anaké.
26 Wong wadon kuwi dudu wong Yahudi,
nanging wong saka kutha Fénisia, ing
tanah Siria.
27 Gusti Yésus banjur ngandika marang
wong wadon mau: "Bèn anak-anaké
dhéwé dhisik sing padha wareg. Ora
samesthiné pangané anak-anaké
diwènèhaké asu."
28 Aturé wong wadon: "Leres Gusti,
nanging segawon-segawon rak inggih
nedha rontogan roti, ingkang dipun
tedha putra-putra, ingkang dhawah ing
ngandhap méja?"
29 Gusti Yésus banjur dhawuh karo
wong wadon mau: "Kandhamu kuwi
bener! Wis, saiki kowé muliha! Dhemité
wis lunga!"
30 Wong wadon mau banjur bali.
Satekané omah, anaké lagi turon ana ing
peturon. Dhemité wis lunga temenan.

31 Gusti Yésus tindak saka kutha Tirus,
ngliwati kutha Sidon[h] menyang Tlaga
Galiléa menèh. Tindaké ngliwati wilayah
Dékapolis.[i]
32 Ing kono ana wong sing budheg-bisu
disowanaké Gusti Yésus. Wong-wong
padha nyuwun, supaya Gusti Yésus
kersa numpangaké astané ing wong sing
lara mau.
33 Wongé banjur dituntun, digawa rada
ngadoh saka wong akèh. Kupingé wong
sing budheg-bisu kuwi diduleg. Gusti
Yésus nuli kecoh. Ilaté wong mau banjur
didemèk.
34 Panjenengané banjur tumenga ing
langit, unjal ambekan, banjur ngandika
marang wong budheg-bisu mau:
"Éfata!," sing tegesé: "Mengaa!"
35 Sanalika kupingé bisa krungu, ilaté
dadi lemes lan bisa guneman kaya
salumrahé wong.
36 Gusti Yésus meling marang wong
sing padha neksèni lelakon mau, supaya

---

[h]Sidon: dunungipun ing salèripun kitha Tirus, mboten tebih.

[i]Dékapolis: menika setunggaling wilayah ingkang dumados saking sedasa kitha. (Déka: sedasa; polis: kitha).

aja padha wewarta marang wong liya.
Nanging saya banget olèhé menging,
wong-wong mau malah saya banget
enggoné wewarta.
37 Kabèh sing krungu gumun. Kandhané
wong-wong mau: "Kokhébat temen,
wong kuwi! Panjenenganė nggawé wong
budheg bisa krungu, lan wong bisu bisa
guneman."
8 1 Ora suwé saka lelakon mau, banjur
ana wong akèh banget kang padha
sowan Gusti Yésus. Mangka ing kono ora
ana pangan. Gusti Yésus banjur nimbali
para rasul lan ngandika:
2 "Aku mesakaké banget karo wong-
wong kuwi. Wis telung dina ana ing kéné
padha ngetutaké Aku. Mangka ana ing
kéné ora ana sing dipangan.
3 Yèn Dakkon mulih ngono waé,
wetengé kothong, gèk padha ambruk
ana ing dalan. Mangka ana sing omahé
adoh."
4 Para rasul padha matur: "Kados pundi
sagedipun pikantuk tetedhan cekap
kanggé tiyang semanten kathahipun,
wonten ing panggènan ingkang mencil
mekaten?"

5 Gusti Yésus ndangu: "Kowé padha
duwé roti pira?" Wangsulané para
sekabat: "Wonten pitu!"
6 Gusti Yésus nuli ndhawuhi wong-wong
mau padha lungguh ana ing lemah.
Panjenengané banjur mundhut roti pitu
mau, nuli ngaturaké panuwun marang
Gusti Allah. Sawisé kuwi banjur nyuwil-
nyuwil roti mau, tumuli diparingaké para
rasul, supaya diedum-edum marang
wong akèh. Para rasul banjur padha
nglakoni kaya sing didhawuhaké déning
Gusti Yésus.
7 Para rasul uga padha duwé iwak
cilik-cilik sawetara. Sawisé ngaturaké
panuwun marang Gusti Allah tumrap
iwak-iwak mau, Gusti Yésus nuli ndawuh
marang para muridé, supaya iwak kuwi
iya diedum-edum.
8 Wong kabèh banjur padha mangan
nganti wareg. Cacahé wong sing padha
mangan mau wetara ana patang èwu.
9 Wong-wong mau banjur padha
didhawuhi mulih. Para rasul nuli
nglumpukaké turahané roti, olèh pitung
wakul.

10 Gusti Yésus lan para rasul banjur
énggal-énggal padha numpak prau,
tindak menyang Dalmanuta.[j]
11 Ana wong Farisi sawetara padha
sowan Gusti Yésus, banjur padha
bebantahan karo Panjenenganė. Wong-
wong Farisi mau arep nyoba srana padha
nyuwun pratandha, minangka bukti yèn
Gusti Allah rena marang Panjenenganė.
12 Gusti Yésus ngesah, banjur ngandika:
"Apa sebabé wong-wong saiki kokpadha
njaluk pratandha? Ora! Aku ora bakal
awèh pratandha sing mengkono kuwi!"
13 Wong-wong mau nuli padha ditilar
déning Gusti Yésus. Panjenenganė nuli
minggah ing prau menèh, banjur tindak
menyang sabrangé tlaga.
14 Para rasul padha lali nggawa roti sing
cukup. Ana ing prau kono mung ana roti
siji.
15 Gusti Yésus ngandika: "Sing padha
waspada karo raginé wong Farisi lan
raginé Hérodès."
16 Para rasul banjur padha rerasanan:
"Gusti enggoné ngandika mengkono

---

[j]Panggènan ingkang asmanipun Dalmanuta: samenika dunungipun dèrèng dipun sumerepi kanthi cetha.

mau, rak merga awaké dhéwé iki ora
padha nggawa roti."
17 Gusti Yésus pirsa enggoné padha
rerasanan, mulané banjur ngandika:
"Apa sebabé kowé kokpadha rerasanan
bab enggonmu padha ora nggawa roti?
Apa kowé meksa durung padha ngerti?
Apa pikiranmu wis kethul?
18 Kowé rak padha duwé mripat, apa
ora ndeleng? Uga padha duwé kuping,
apa ora krungu?
19 Apa kowé padha ora kèlingan
nalika Aku nyuwil-nyuwil roti lima
kanggo mènèhi mangan wong limang
èwu kaé; pirang wakul turahan sing
kokklumpukaké?" Wangsulané para
sekabat: "Kalihwelas!"
20 Gusti Yésus banjur ndangu menèh:
"Banjur roti pitu sing kanggo wong
patang èwu kaé, pirang wakul turahan
sing kokklumpukaké?" Wangsulané para
rasul: "Pitu."
21 Gusti Yésus banjur ngandika: "Apa
kowé meksa padha durung ngerti?"
22 Gusti Yésus lan para rasul tindaké
wis tekan ing désa Bètsaida. Banjur
ana wong wuta sing disowanaké ing

ngarsané. Gusti Yésus disuwun supaya
kersa ndemèk wong wuta mau.
23 Panjenenganè banjur ngasta tanganè
wong wuta mau, dituntun menyang
sanjabané désa. Mripaté sing wuta mau
dikecohi, nuli numpangaké astané ing
mripaté wong kuwi, banjur ndangu:
"Apa saiki kowé wis bisa weruh?"
24 Wong mau banjur tumenga sarta
mangsuli: "Inggih kawula sumerep
tiyang-tiyang, nanging ketingalipun
kados wit-witan ingkang sami mlampah."
25 Gusti Yésus banjur numpangaké
astané menèh ing mripaté. Wong mau
ngudi supaya bisa ndeleng. Mripaté nuli
dadi waras, lan bisa ndeleng kanthi
cetha.
26 Wong mau tumuli didhawuhi mulih
déning Gusti Yésus, lan diweling: "Aja
bali menyang désa kono."
27 Gusti Yésus lan para muridé
padha tindak menyang désa-désa ing
sakiwa-tengené kutha Kaisaréa Filipi.
Sajroné tindak, Gusti Yésus ndangu:
"Wong-wong padha ngarani Aku iki
sapa?"
28 Wangsulané: "Werni-werni! Wonten
ingkang mestani Nabi Yohanes

Pembaptis; wonten ingkang mestani
Nabi Élia, wonten ingkang mestani salah
setunggalipun nabi."
29 Gusti Yésus banjur ndangu menèh:
"Lha, yèn kowé dhéwé kepriyé? Aku
kokarani sapa?" Rasul Pétrus mangsuli:
"Panjenengan menika Sang Kristus."
30 Gusti Yésus tumuli weling wanti-wanti
marang para muridé, supaya aja padha
kandha-kandha bab kuwi mau marang
sapa waé.
31 Gusti Yésus banjur wiwit nyethakaké
marang para muridé bab Putraning
Manungsa kang kudu nyangga
kasangsaran akèh, Panjenengané bakal
ditampik déning para pinituwa, déning
para penggedhéné imam lan déning para
ahli Torèt. Malah Putraning Manungsa
mau bakal disédani, nanging ing telung
dinané bakal wungu menèh saka ing
séda.
32 Kabèh mau dingandikakaké déning
Gusti Yésus marang para muridé kanthi
blak-blakan. Krungu kang mengkono
mau, Rasul Pétrus banjur ngaturi Gusti
Yésus sarta nyaos pepènget supaya aja
ngandika sing mengkono kuwi.

33 Gusti Yésus banjur minger,
ngungkuraké Rasul Pétrus, mirsani para
rasul, karo ndukani Rasul Pétrus: "Iblis,
sumingkira. Pikiranmu kuwi pikiran cara
manungsa, dudu kaya sing dadi kersané
Gusti Allah!"
34 Guti Yésus banjur nimbali para murid
lan wong akèh liyané sing ana ing kono,
supaya padha sowan ing ngarsané.
Pangandikané: "Sing sapa ndhèrèk Aku,
kudu nyingkur awaké dhéwé, ngangkat
salibé, banjur ngetutburi Aku.
35 Sebab sapa sing ngéman uripé, kuwi
malah bakal kélangan. Nanging sing
sapa kélangan uripé merga nglabuhi
Aku lan Injil, bakal nemu urip sejati lan
langgeng.
36 Apa ta paédahé menawa wong
nduwèni jagad iki kabèh, nanging
kélangan nyawané?
37 Ora ana barang siji waé sing kena
digunakaké déning manungsa kanggo
nebus nyawané sing ilang mau.
38 Sapa sing isin ngakoni Aku lan
piwulang-Ku ana ing jagad sing kebak
duraka lan piala iki, Putrané Manungsa
iya bakal isin ngakoni wong kuwi,
mbésuk samangsa rawuh kanthi ngagem

kamulyané Sang Rama, ingiring déning
para malaékat suci."

9

1 Gusti Yésus nglajengaké
ngandikané: "Titènana! Ing
antarané wong-wong sing ana ing kéné
ana sing bakal ora mati, sadurungé
padha ndeleng Kratoné Allah kebabar
kanthi pangwasa."
2 Nem dina sawisé lelakon mau, Gusti
Yésus dhawuh marang Rasul Pétrus,
Rasul Yohanes lan Rasul Yakobus,
sedulur kakang-adhi, supaya padha
ndhèrèk Gusti Yésus, minggah ing
gunung kang dhuwur. Ana ing kono ora
ana wong liyané menèh. Para rasul mau
padha weruh Gusti Yésus malih rupa;
dadi mencorong.
3 Agemané dadi putih mengkilap;
sajagad iki ora ana wong sing bisa
mutihaké sandhangan nganti kaya
mengkono.
4 Para rasul uga padha weruh Nabi Élia
lan Nabi Musa ana ing kono, lagi padha
ngandikan karo Gusti Yésus.
5 Rasul Pétrus banjur matur marang
Gusti Yésus: "Gusti, iba saénipun,
menawi kita sami wonten ing ngriki.
Prayoginipun kawula sami ngedegaken

téndha tiga wonten ing ngriki, setunggal kagem Panjenengan, setunggal kagem Nabi Musa, setunggalipun malih kagem Nabi Élia."
6 Enggoné Rasul Pétrus matur mengkono mau, merga ora ngerti apa sing kudu dikandhakaké, sebab Rasul Pétrus, Rasul Yohanes lan Rasul Yakobus, kabèh padha wedi banget.
7 Dumadakan ana méga teka; ayang-ayangané nutupi wong kabèh mau. Tumuli ana swara saka ing sajroning méga, tembungé: "Iki Putra-Ku dhéwé sing Dakkasihi; padha manuta sapréntahé."
8 Para rasul padha nolèh ngiwa-nengen, nanging ing kono wis ora ana wong liyané menèh, kejaba mung Gusti Yésus piyambak.
9 Sawisé kuwi Gusti Yésus lan para rasul nuli padha mudhun saka gunung mau. Sajroné tindak Gusti Yésus meling marang para rasul mengkéné: "Apa sing kokdeleng iki mau aja kokkandhakaké marang sapa waé, nganti Putraning Manungsa wungu saka ing séda."
10 Wong telu mau padha netepi sapiwelingé Gusti Yésus, nanging padha

rerasanan dhéwé, apa kersané Gusti
Yésus kokngandika bab ‘wungu saka
séda’.
11 Mulané para rasul banjur padha
nyuwun pirsa marang Gusti Yésus:
"Menapa sebabipun kokpara ahli Torèt
sami criyos, bilih Nabi Élia badhé rawuh
rumiyin?"
12 Gusti Yésus ngandika: "Ya, pancèn,
Nabi Élia teka dhisik, supaya nyawisaké
samubarang kabèh. Nanging kepriyé
mungguh Putraning Manungsa? Apa
sebabé déné ing Kitab Suci ditulis yèn
Putraning Manungsa kudu nandhang
sangsara akèh lan disawiyah-wiyah!
13 Élinga, Nabi Élia pancèn wis
rawuh. Nanging wong-wong padha
tumindak sawenang-wenang marang
panjenengané. Kuwi cocog karo sing wis
katulis ing Kitab Suci."
14 Nalika Gusti Yésus, Rasul Pétrus,
Rasul Yohanes lan Rasul Yakobus padha
bali menèh ing panggonané para murid
sing katilar, wong akèh lagi padha
nglumpuk ana ing kono; ing antarané
uga ana para ahli Torèt sawetara.
Wong-wong mau lagi padha dhébatan
karo muridé Gusti Yésus.

15 Bareng wong akèh mau padha weruh
Gusti Yésus rawuh, padha bungah,
banjur énggal-énggal padha mbagèkaké
Panjenengané.
16 Gusti Yésus banjur ndangu marang
para murid: "Apa sing lagi kokrembug
karo para ahli Torèt kuwi?"
17 Wangsulané wong sing ana ing kono:
"Guru, kula badhé nyowanaken anak
kula wonten ing ngarsa Panjenengan.
Laré menika kepanjingan dhemit ngantos
bisu.
18 Samangsa dhemit wau misakit,
larénipun dipun banting ing siti.
Cangkemipun lajeng muruh, untunipun
kerot-kerot, lan badanipun sakojur
lajeng kaken. Kula sampun nedha
tulung dhateng para murid Panjenengan,
supados nundhung dhemitipun, nanging
sami mboten saged."
19 Gusti Yésus banjur ngandika:
"Wah, pancèn kebangeten kowé kuwi!
Kokpadha ora precaya temen! Nganti
pira suwéné Aku kudu isih ana ing
antaramu. Nganti kapan Aku isih kudu
nyabari kowé? Bocahé gawanen mréné!"
20 Bocahé banjur disowanaké ing
ngarsané Gusti Yésus. Bareng dhemité

weruh Gusti Yésus, sanalika nuli ngoyog-
oyog awaké bocah mau, nganti bocahé
tiba njengkelit lan cangkemé muruh.
21 Gusti Yésus ndangu marang bapakné
si bocah: "Olèhé mengkono kuwi wis pira
lawasé?" Bapakné bocah mau mangsuli:
"Wiwit alit mila.
22 Kerep kémawon laré menika badhé
dipun pejahi, srana dipun dhawahaken
ing latu utawi ing toya. Mila menawi
Panjenengan saged, mbok inggiha
Panjenengan welas dhateng kula; kula
Panjenengan pitulungi."
23 Gusti Yésus ngandika: "Apa
kandhamu? Yèn Aku bisa? Tumrapé
wong precaya, ora ana barang mokal."
24 Sanalika bapakné bocah mau matur
marang Gusti Yésus: "Gusti, kawula
pitados. Mugi Gusti mitulungi lan
ngiyataken pitados kawula."
25 Bareng Gusti Yésus mirsa, yèn wongé
sing ngrubung saya akèh, dhemité
banjur ditundhung: "Hèh dhemit sing
gawé budheg lan bisuné bocah iki;
metua! Aja bali menèh!"
26 Dhemit mau banjur njerit seru
banget, bocahé digawé ngececeng-
ngececeng, banjur metu saka bocah

mau. Bocahé kaya mati, nganti kabèh
padha ngarani yèn bocahé wis mati.
27 Gusti Yésus banjur ngasta tangané
bocah mau, nuli diadegaké. Bocahé
banjur ngadeg.
28 Sawisé Gusti Yésus tekan pondhokan,
para murid banjur padha nyuwun pirsa:
"Sebab menapa kula koksami mboten
saged nundhung dhemit menika?"
29 Gusti Yésus ngandika: "Dhemit
bangsané iki ora kena ditundhung,
kejaba mung srana pandonga."
30 Gusti Yésus lan para rasul banjur
padha nilar omah kono, nerusaké
tindaké ngliwati tanah Galiléa. Kersané
supaya aja nganti ana wong sing ngerti,
yèn Panjenengané ing wektu kuwi ana
ing panggonan kono,
31 awit Gusti Yésus lagi paring piwulang
marang para rasul. Pangandikané:
"Putraning Manungsa bakal diulungaké
marang tangané wong-wong sing arep
nyédani Panjenengané. Nanging ing
telung dinané Panjenengané bakal
wungu menèh saka ing sédané."
32 Para rasul padha ora nyandhak
karo dhawuhé Gusti Yésus mau,

nanging padha ora wani matur marang
Panjenenganè.
33 Gusti Yésus lan para rasul tindaké
wis tekan kutha Kapèrnaum. Ana ing
pondhokan, Gusti Yésus ndangu marang
para rasul: "Ana ing dalan mau kowé
padha rembugan bab apa?"
34 Nanging para rasul mau ora ana sing
mangsuli, sebab padha rebut unggul bab
sapa sing pinunjul dhéwé ing antarané
wong sakanca kuwi.
35 Gusti Yésus nuli lenggah sarta nimbali
para rasul rolas, dipangandikani: "Sapa
sing kepéngin dadi pengarep, kuwi kudu
dadi baturé wong kabèh."
36 Gusti Yésus banjur nimbali bocah
cilik sing didhawuhi ngadeg ana ing
ngarepé para muridé kabèh. Gusti Yésus
ngrangkul bocah mau, banjur ngandika:
37 "Sapa sing nampani bocah sing
mengkéné iki atas jeneng-Ku, kuwi Aku
sing ditampani. Lan sing sapa nampani
Aku, kuwi dudu mung Aku waé sing
ditampani, nanging uga Gusti Allah sing
ngutus Aku."
38 Rasul Yohanes matur: "Guru, kula
sami sumerep wonten tiyang ingkang
nundhungi dhemit mawi nyebut asma

Panjenengan. Tiyang wau lajeng sami
kula awisi, awit piyambakipun sanès
saking golongan kita."
39 Gusti Yésus ngandika: "Aja
kokpenging. Awit yèn ana wong gawé
mujijat nganggo nyebut jeneng-Ku, kuwi
mesthi ora bakal tumuli ngala-ala Aku.
40 Sapa sing ora nglawan kita, kuwi
nyarujuki.
41 Ngandela, wong sing mènèhi kowé
ngombé merga enggonmu dadi muridé
Sang Kristus, wong kuwi mesthi bakal
tampa ganjaran saka Gusti Allah."
42 Gusti Yésus paring piwulang marang
para rasul mengkéné: "Wong sing dadi
jalarané wong cilik sing padha precaya
marang Aku nganti nyingkur Aku, wong
kuwi luwih becik dibandhulana watu
sing gedhé, banjur dicemplungaké ing
segara.
43 Menawa tanganmu dadi jalaran kowé
nglakoni dosa, kethoken waé! Awit luwih
becik kowé ngalami urip langgeng kanthi
tangan siji, tinimbang tanganmu genep
loro, nanging kowé mlebu nraka, sing
geniné ora bakal sirep.
44 [Ing nraka singgaté ora mati lan
geniné ora sirep.]

45 Menawa sikilmu njalari kowé gawé
dosa, luwih becik kethoken waé! Awit
luwih becik kowé urip kanthi sikil siji,
tinimbang sikilmu genep loro, nanging
mlebu nraka.
46 [Nraka kuwi singgaté ora mati lan
geniné ora sirep.]
47 Déné menawa mripatmu sing
marakaké kowé gawé dosa, cupliken
waé! Awit luwih becik kowé dadi umat
ing Kratoné Allah kanthi mripat siji,
tinimbang kowé duwé mripat loro,
nanging kacemplungaké ing nraka.
48 Ing nraka singgaté ora mati lan
geniné ora sirep.
49 Saben wong kudu nglakoni
pendadaran supaya precayané ora
luntur. Srana pengalaman sing
mengkono kuwi, wong mau presasat
diuyahi supaya awèt.
50 Uyah kuwi gedhé paédahé, nanging
menawa wis ilang asiné enggonmu
mulihaké asiné kepriyé? Kowé padha
dadia wong sing presasat wis diuyahi.
Lan padha uripa bebarengan kanthi
rukun."
10 1 Saka kutha Kapèrnaum Gusti
Yésus banjur tindak menyang

tanah Yudéa, lan banjur nyabrang Kali
Yardèn. Kaya sabené, akèh wong sing
padha teka, ngrubung Gusti Yésus.
Wong-wong mau nuli padha diwulang.
2 Wong Farisi sawetara padha teka,
arep nyoba Gusti Yésus, padha matur
mengkéné: "Miturut Torèt, tiyang jaler
menapa kénging megat sémahipun?"
3 Gusti Yésus ngandika karo genti
ndangu: "Dhawuhé Nabi Musa marang
kowé kepriyé?"
4 Wong-wong Farisi mau padha
mangsuli: "Manut prenatanipun Nabi
Musa, tiyang jaler kénging megat
sémahipun, angger nyukani serat
pegat."
5 Gusti Yésus banjur ngandika menèh
marang wong-wong Farisi mau:
"Enggoné Nabi Musa gawé prenatan sing
mengkono kuwi merga saka wangkoting
atimu!"
6 Ing sekawit, nalika Gusti Allah
nitahaké manungsa, ana pangandika
mengkéné: "Gusti Allah nitahaké
manungsa lanang lan wadon.
7 Mulané wong lanang bakal ninggal
bapa lan biyungé, banjur dadi siji karo
bojoné.

8 Sing loro kuwi wis dadi siji. Dadi
wong-wong mau wis ora loro, nanging
mung siji.
9 Mulané manungsa ora olèh misahaké
wong-wong sing wis didadèkaké siji
déning Gusti Allah."
10 Bareng wis padha ana ing omah
menèh, para rasul banjur padha nyuwun
pirsa marang Gusti Yésus bab prakara
mau.
11 Dhawuhé: "Sing sapa megat bojoné,
banjur kawin karo wong wadon liyané,
kuwi laku jina, sèdhèng tumrap bojoné
sing dipegat mau.
12 Semono uga wong wadon sing megat
bojoné, banjur kawin karo wong lanang
liyané, kuwi iya laku jina."
13 Wong-wong padha nyowanaké
anak-anaké ana ing ngarsané Gusti
Yésus, supaya padha diberkahi. Nanging
wong-wong mau padha disrengeni
déning para rasul.
14 Pirsa mengkono mau Gusti Yésus
banjur duka karo para rasul, dhawuhé:
"Karebèn bocah-bocah marani Aku, aja
padha kokalang-alangi, awit wong sing
kaya bocah-bocah kuwi sing padha dadi
umat ing Kratoné Allah.

15 Élinga, wong sing ora nampani
Kratoning Allah kaya patrapé bocah,
ora bakal ngrasakaké kanikmataning
Kratoné Allah mau."
16 Sawisé kuwi Gusti Yésus banjur
ngrangkuli bocah-bocah mau, tumuli
siji-siji ditumpangi asta lan diberkahi.
17 Nalika Gusti Yésus nglajengaké
tindaké, ana wong nututi karo mlayu.
Wong mau banjur sujud ing ngarsané,
karo matur: "Rama Guru, ingkang utami.
Kula kedah nglampahi menapa, supados
angsal gesang ingkang sejatos?"
18 Gusti Yésus ngandika: "Yagéné kowé
kokngarani Aku utama? Ora ana wong
sing utama. Sing utama kuwi mung
Gusti Allah piyambak.
19 Mesthiné kowé wis ngerti angger-
anggeré Gusti Allah, yakuwi: ‘Kowé aja
matèni wong, aja laku jina, aja nyolong,
aja goroh, aja ngapusi, ngajènana
bapakmu lan ibumu.’"
20 Wong mau nuli matur menèh: "Rama
Guru, angger-anggeripun Gusti Allah
menika wau sampun kula lampahi
sedaya, wiwit kula taksih laré."
21 Gusti Yésus mirsani wong mau kanthi
kebak ing katresnan, tumuli ngandika:

"Isih saprakara sing durung koklakoni, yakuwi: Bandhamu kabèh edolen. Banjur dhuwit pepayoné edum-edumna marang para wong miskin, temah kowé bakal olèh bandha ana ing swarga. Yèn wis, kowé banjur balia mréné menèh, mèlua Aku."
22 Bareng krungu dhawuhé Gusti Yésus mengkono kuwi, wong mau gela banget. Mula banjur mundur saka ngarsané Gusti Yésus klawan ati sedhih, sebab bandhané akèh banget.
23 Gusti Yésus banjur mirsani marang para rasul kabèh. Nuli ngandika: "Angèl temen wong sugih dadi umat ana ing Kratoné Allah."
24 Para rasul padha dheleg-dheleg, gumun ngrungokaké ngandikané Gusti Yésus mau. Gusti Yésus banjur ngambali ngandika: "Mlebu ana ing Kratoné Allah kuwi pancèn angèl banget.
25 Luwih gampang unta mlebu ing bolonganing dom, tinimbang karo wong sugih mlebu dadi umat ana ing Kratoné Allah."
26 Krungu pangandika mau para rasul saya kagèt, banjur padha takon-tinakon:

"Yèn mengkono, banjur sapa sing bisa
olèh keslametan!"
27 Gusti Yésus banjur mirsani para
rasul kabèh, tumuli ngandika: "Tumrapé
manungsa kuwi mau kabèh mokal.
Nanging ing ngatasé Gusti Allah, ora ana
barang sing mokal!"
28 Rasul Pétrus banjur matur: "Kawula
sedaya menika rak ugi sampun
nilar samukawis, lajeng ndhèrèk
Panjenengan."
29 Gusti Yésus ngandika: "Iya, mulané
padha éling-élingen! Saben wong sing
ninggal brayaté, ninggal seduluré lanang
lan seduluré wadon, ninggal bapakné,
ninggal ibuné, utawa ninggal anak-anaké
lan ninggal palemahané merga saka Aku
lan merga Injilé Gusti Allah,
30 wong kuwi mesthi bakal tampa
luwih akèh menèh. Bakal tampa tikel
satus, ya omah, ya sedulur lanang, ya
sedulur wadon, ya ibu, ya anak-anak, ya
palemahan, senajan wong mau ora luput
saka panganiaya. Lan mbésuk ing akérat
wong mau bakal tampa urip sing sejati.
31 Nanging akèh wong sing saiki ana
ing ngarep, bakal tiba mburi. Lan akèh

wong sing saiki ana ing mburi, bakal tiba ngarep."
32 Gusti Yésus lan para rasul lagi padha menyang kutha Yérusalèm. Gusti Yésus tindaké ana ing ngarepé para rasul sing durung padha mari kagèté. Lan wong-wong sing padha ndhèrèkaké padha wedi. Gusti Yésus banjur nimbali para rasul rolas menèh dhèwèkan, lan banjur ngandikani apa sing bakal dialami déning Panjenengané, ngandikané:
33 "Padha rungokna, kita saiki lagi padha menyang kutha Yérusalèm. Ana ing kana Putraning Manungsa bakal diulungaké marang para pengareping imam lan para ahli Torèt, diadili lan diukum pati. Panjenengané bakal dipasrahaké marang wong-wong dudu Yahudi.
34 Wong-wong kuwi bakal padha moyoki, ngidoni, nyiksa, lan wekasané nyalib Panjenengané. Nanging ing telung dinané Putraning Manungsa mau bakal wungu saka ing séda."
35 Rasul Yakobus lan Rasul Yohanes, loro-loroné anaké Zébedéus, padha sowan ing ngarsané Gusti Yésus, banjur

padha matur: "Rama Guru, keparenga
kula sami nyuwun pirsa."
36 Pangandikané Gusti Yésus: "Iya, arep
nyuwun pirsa apa?"
37 Wangsulané wong loro mau:
"Mbénjing samangsa Panjenengan
sampun ngasta pangwasa wonten
ing Kratonipun Allah, keparenga
kula sami linggih jèjèr Panjenengan,
setunggal ing tengen, setunggal ing kiwa
Panjenengan."
38 Pangandikané Gusti Yésus: "Kowé
ora ngerti apa sing padha koksuwun.
Apa kowé wani ngombé saka ing tuwung
kasangsaran sing bakal Dakombé? Apa
kowé saguh ngalami kasangsaran sing
bakal Dakalami?"
39 Wangsulané: "Inggih, sagah!" Gusti
Yésus ngandika menèh: "Pancèn, kowé
bakal padha ngombé saka ing tuwung
kasangsaran sing bakal Dakombé, lan
kowé bakal ngalami kasangsaran sing
bakal Dakalami,
40 nanging netepaké lungguh ing
tengen-Ku utawa ing kiwa-Ku, kuwi dudu
wewenang-Ku; Gusti Allah piyambak
sing netepaké sapa sing bakal lungguh
ana ing tengen-Ku lan ing kiwa-Ku."

41 Bareng para rasul sepuluh liyané
padha krungu aturé Rasul Yakobus lan
Rasul Yohanes marang Gusti Yésus mau,
nuli padha nepsu marang wong loro
mau.
42 Nanging para rasul kabèh banjur
padha ditimbali déning Gusti Yésus, nuli
dingandikani: "Kowé rak padha ngerti
apa sing padha dilakoni déning wong-
wong sing padha nyekel pangwasa,
yaiku ngerèh rakyaté. Para penggedhé
mau padha nindhes marang rakyaté.
43 Nanging kowé ora kena padha
nglakoni sing mengkono kuwi. Malah
kosok baliné, sapa sing kepéngin dadi
gedhé dhéwé ana ing antaramu, kuwi
kudu dadi baturmu.
44 Lan sapa sing kepéngin dadi
kwasa dhéwé, kuwi kudu gelem dadi
batur-tukon tumrap kowé kabèh.
45 Sebab Putraning Manungsa kuwi
rawuhé ora mundhut diladèni, nanging
malah ngladèni, lan masrahaké nyawané,
kanggo ngluwari wong akèh."
46 Tindaké Gusti Yésus lan para
muridé wis tekan ing kutha Yérikho.
Bareng arep metu saka kutha kono,
kadhèrèkaké déning wong sapirang-

pirang, dumadakan ing sapinggiring
dalan ana wong wuta ngemis, jenengé
Bartiméus, anaké Timéus.
47 Bareng krungu, yèn sing langkung
ing dalan kono kuwi Yésus saka kutha
Nasarèt, Bartiméus banjur nguwuh:
"Gusti Yésus, tedhakipun Sang Prabu
Dawud, mugi welas dhateng kawula."
48 Wong-wong padha ngélikaké
Bartiméus, dikon meneng. Nanging
malah saya seru panguwuhé:
"Putranipun Sang Prabu Dawud,
mugi Panjenengan welas dhateng
kawula!"
49 Gusti Yésus banjur mandheg lan
ngandika marang wong-wong sing ana
ing kono: "Wong kuwi undangen mréné."
Wongé wuta mau nuli diparani, lan
wong akèh padha ngandhani Bartiméus:
"Wis menenga! Kowé ditimbali Guru,
ngadega!"
50 Bartiméus banjur énggal-énggal
nguculi jubahé, lan banjur rerikatan
marani Gusti Yésus.
51 Gusti Yésus banjur ndangu marang
Bartiméus: "Aku kokkon apa? Kepriyé
karepmu?" Bartiméus mangsuli: "Kula
kepéngin saged sumerep, Gusti!"

52 Gusti Yésus banjur ngandika: "Ya, wis mundura. Precayamu sing mitulungi kowé." Sanalika Bartiméus bisa ndeleng, sarta banjur ndhèrèkaké Gusti Yésus.

11 1 Tindaké Gusti Yésus lan wong akèh mau wis mèh tekan kutha Yérusalèm. Nuli padha mampir ana ing désa Bètfagé lan désa Bètani, ing sacedhaké Gunung Zaitun. Gusti Yésus banjur utusan muridé loro ndhisiki tindaké,

2 dhawuhé: "Kowé padha menyanga ing désa ngarep kuwi. Salebumu ing désa kono, kowé bakal padha weruh belo dicencang. Belo mau durung tau ana sing nunggangi. Uculana, banjur gawanen mréné.

3 Yèn ana wong nakoni kowé, apa sebabé belo mau kokuculi, wangsulana: 'Gusti sing arep nitih kuldi iki. Mengko yèn uwis, arep énggal dibalèkaké menèh.'"

4 Murid loro mau nuli padha mangkat lan nemu beloné, kacencang ing gapuraning désa, ana ing pinggir dalan. Belo mau banjur padha diuculi.

5 Ana wong sawetara sing padha ana
ing kono ngaruh-aruhi: "Lho! Beloné
kokkokuculi?"
6 Murid-murid mau padha mangsuli
kaya sapiwelingé Gusti Yésus. Wong-
wong mau banjur padha meneng
waé.
7 Beloné nuli dituntun menyang
ngarsané Gusti Yésus. Murid-murid
banjur nguculi jubahé, dilèmèkaké ing
gegeré belo, Gusti Yésus banjur nitih.
8 Wong akèh banjur padha nggelar
jubahé ana ing dalan sing dilangkungi
déning Gusti Yésus. Uga ana wong-wong
sing padha nyoklèki pang-pang sing isih
ijo ana ing pategalan, padha dijèrèng
ana ing dalan sing dilangkungi déning
Gusti Yésus.
9 Wong-wong sing padha mlaku ana ing
sangarepé lan samburiné Gusti Yésus
kabèh padha nguwuh: "Pinujia Pangéran.
10 Binerkahana sing rawuh atas asmané
Gusti Allah. Langgenga kratoné Sang
Prabu Dawud, leluhur kita! Pinujia
asmané Gusti Allah!"
11 Gusti Yésus banjur mlebet ing
kutha Yérusalèm, tindak menyang
Pedalemané Allah. Panjenengané

mirsani samubarang sing ana ing kono.
Nanging sarèhné wis surup, Gusti Yésus
banjur tindak menyang désa Bètani,
kadhèrèkaké déning para muridé rolas.
12 Ésuké Gusti Yésus lan murid-muridé
padha tindak menèh saka séda Bètani.
Gusti Yésus kraos luwé.
13 Saka kadohan Panjenenganè pirsa
ana wit anjir sing godhongé ketel banget.
Gusti Yésus marani wit mau, mirsani
mbokmenawa ana wohé. Nanging bareng
wis tekan ing kono, mung manggih
godhong thok, ora ana wohé siji-sijia,
sebab pancèn durung ungsumé.
14 Gusti Yésus banjur ngandika: "Wiwit
saiki bakal ora ana wong sing mangan
wohmu menèh ing selawas-lawasé!"
Para muridé padha krungu pangandika
kuwi mau.
15 Bareng wis padha tekan ing kutha
Yérusalèm, Gusti Yésus banjur tindak
mlebu ing Pedalemané Allah. Wong-wong
sing padha dol-tinuku ing Pedaleman
kono nuli padha didhawuhi metu. Méja-
méjané tukang ngijoli dhuwit, semono
uga bangku-bangkuné wong-wong sing
adol dara, padha diglimpangaké.

16 Wong-wong sing padha teka nggawa
dagangané arep mlebu ing papan
pangibadah, padha dicegah.
17 Wong-wong mau padha dingandikani:
"Apa kowé padha ora ngerti yèn ana
tulisan mengkéné: ‘Omah-Ku bakal
disebut papan pangibadahé sakèhing
para umat.’ Nanging saiki malah
kokdadèkaké papan pandhelikané
maling-maling."
18 Bareng para pengareping imam
lan para ahli Torèt padha krungu
pangandikané Gusti Yésus mau, banjur
padha golèk dalan bisané nyédani
Panjenengané. Wong-wong mau padha
wedi karo Gusti Yésus, merga wong
kabèh padha kepranan karo piwulangé.
19 Bareng wis soré Gusti Yésus lan para
muridé padha tindak menèh, metu saka
kutha kono.
20 Ésuké Gusti Yésus lan para muridé
padha tindak, ing dalan pirsa wit anjir
sing winginé disupatani Gusti Yésus. Wit
kuwi jebul wis mati, nganti tekan oyodé
pisan.
21 Rasul Pétrus banjur kèlingan lelakoné
wit anjir mau, nuli matur: "Guru, wit

anjir ingkang Panjenengan supaosi
menika sampun pejah."
22 Gusti Yésus ngandika: "Padha
ngandela! Menawa kowé precaya
marang Gusti Allah,
23 kowé padha bisa akon punthuk kuwi,
‘mumbula lan ambyura ing segara’,
kuwi mesthi bakal kelakon, angger
ora mangu-mangu. Menawa precaya
temenan, apa sing kokkandhakaké mau
mesthi bakal kelakon.
24 Mulané kowé padha Dakkandhani:
Menawa kowé ndedonga nyuwun
apa-apa, padha precayaa, yèn apa sing
koksuwun kuwi wis diparingaké. Dadi
apa waé sing koksuwun bakal ketutugan.
25 Menawa kowé lagi ndedonga,
apuranen kabèh wong sing duwé
keluputan karo kowé, supaya Ramamu
ing swarga iya ngapura keluputan-
keluputanmu.
26 [Menawa kowé ora padha ngapura
keluputaning liyan, Ramamu ing swarga
uga ora bakal ngapura keluputan-
keluputanmu.]"
27 Gusti Yésus lan para muridé padha
tekan kutha Yérusalèm menèh. Bareng
Gusti Yésus tindak-tindak ana ing

Pedalemané Allah, para pengareping
imam, para ahli Torèt, tuwin para
pinituwa, banjur padha marani.
28 Wong-wong mau padha matur
marang Gusti Yésus: "Panjenengan
nindakaken prekawis-prekawis menika
adhedhasar pangwaos menapa? Sinten
ingkang nyukani wewenang dhateng
Panjenengan nindakaken menika
sedaya?"
29 Gusti Yésus ngandika: "Aku arep
takon karo kowé saprakara waé. Menawa
pitakon-Ku wis kokwangsuli, kowé bakal
gentèn Dakkandhani bab wewenang-Ku
nindakaké prekara-prekara mau kabèh.
30 Coba wangsulana, Nabi Yohanes
kuwi enggoné mbaptis olèh wewenang
saka sapa. Saka Gusti Allah, apa saka
manungsa?"
31 Para pengareping imam, para ahli
Torèt lan para pinituwa mau banjur
padha rembugan dhéwé: "Yèn awaké
dhéwé kandha: ‘Saka Gusti Allah’,
dhèwèké mesthi bakal takon: ‘Kena apa
kowé kokpadha ora precaya marang
Nabi Yohanes?’
32 Yèn awaké dhéwé kandha: ‘Saka
manungsa’, kuwi ora bisa." (Wong-wong

mau padha wedi marang wong akèh, sebab kabèh padha yakin, yèn Yohanes kuwi nabi.)
33 Mulané wong-wong mau banjur padha matur marang Gusti Yésus: "Kula sami mboten mangertos." Gusti Yésus banjur ngandika: "Yèn ngono Aku uga ora bakal ngandhakaké marang kowé, saka ngendi asalé pangwasa-Ku nindakaké kuwi mau kabèh."

12 1 Gusti Yésus banjur wiwit mulang wong akèh mau nganggo pasemon. Pangandikané: "Ana wong mbangun pakebonan anggur. Pakebonan mau dipageri mubeng. Nuli ngedhuk jugangan kanggo meres angguré, lan gawé panggung penjagan. Pakebonan mau banjur diséwakaké marang wong-wong tani. Sawisé mengkono wong mau lunga menyang manca negara.
2 Bareng wis mangsané panèn, wong mau utusan abdiné, supaya njaluk bagéaning panèn marang wong-wong sing padha nyéwa mau.
3 Nanging abdi mau dicekel déning wong-wong sing padha nyéwa, banjur digebugi. Sawisé digebugi banjur dikon bali nglenthung.

4 Sing duwé pakebonan anggur banjur utusan abdi liyané. Nanging abdi kuwi uga dipenthungi sirahé lan digawé sawenang-wenang.
5 Wong sing duwé pakebonan anggur banjur utusan abdi liyané menèh. Nanging abdi mau malah dipatèni. Mengkono uga akèh abdi-abdi liyané menèh sing padha disiksa déning sing padha nyéwa pakebonan anggur mau. Ana sing digebugi lan ana sing dipatèni.
6 Saiki mung kari siji sing kena diutus, yakuwi anaké dhéwé, anak sing ditresnani. Anaké mau banjur diutus, pikirané: ‘Wong-wong kuwi mesthi padha éring karo anakku dhéwé.’
7 Nanging wong-wong sing padha nyéwa mau malah padha rerasanan: ‘Lha kaé, anaké sing duwé pakebonan. Ayo padha dipatèni waé, supaya pakebonané iki dadi duwèké awaké dhéwé!’
8 Anaké sing duwé pakebonan mau banjur dicekel lan dipatèni; layoné diuncalaké ing sanjabané pakebonan anggur."
9 Pendanguné Gusti Yésus: "Apa sing bakal ditindakaké déning wong sing duwé pakebonan anggur mau? Wong

mau bakal mangkat dhéwé. Sing
padha nyéwa bakal padha dipatèni.
Banjur pakebonané diséwakaké marang
wong-wong liya.
10 Kowé rak wis tau maca sing
mengkéné: ‘Watu sing ditampik déning
ahli gawé omah, jebul watu kuwi sing
malah gedhé dhéwé gunané.
11 Kuwi pakaryané Gusti Allah; sing
nggumunaké banget.’"
12 Para pengarepé bangsa Yahudi
mau ngudi bisané nyekel Gusti Yésus,
sebab padha ngerti yèn sing disemoni
Gusti Yésus kuwi dhèwèké. Nanging
wong-wong mau padha wedi karo
wong akèh. Mulané Gusti Yésus banjur
dietogaké waé, nuli padha lunga.
13 Para pengareping imam lan ahli-ahli
Torèt sarta para pinituwa mau banjur
kongkonan wong Farisi sawetara lan
wong-wong saka golongan Hérodès,
padha sowan marang Gusti Yésus,
padha arep nyengkolong[k] Panjenengané
nganggo pitakonan-pitakonan.
14 Ana ing ngarsané Gusti Yésus wong-
wong mau banjur padha matur: "Guru,
kula sami mangertos, bilih Panjenengan

---

[k]nyengkolong: menjebak (bhs. Ind.).

menika tiyang ingkang jujur, mboten
mreduli dhateng penganggepipun
tiyang-tiyang. Panjenengan memulang
bab kersanipun Gusti Allah menapa
wontenipun, lan mboten saged dipun
pengaruhi déning sinten kémawon.
Samenika pitakènan kula: Miturut
prenataning agami kita, mbayar pajeg
dhateng Kaisar Rum, menika kénging
menapa mboten?"
15 Gusti Yésus pirsa pikirané wong-
wong mau, mulané banjur ngandika:
"Apa sebabé kowé kokpadha arep
nyengkolong Aku? Aku tuduhana dhuwit
pérak!"
16 Gusti Yésus banjur diaturi dhuwit
pérak siji. Banjur ndangu marang
wong-wong mau: "Coba, iki gambaré
sapa, lan capé sapa iki?" "Gambaripun
Sang Kaisar lan capipun Sang Kaisar,"
wangsulané wong-wong mau.
17 Gusti Yésus banjur ngandika: "Yèn
mengkono, Sang Kaisar aturana sing
dadi kagunganè Sang Kaisar, lan Gusti
Allah saosana sing dadi kagunganè Gusti
Allah."
18 Ana wong Saduki sawetara padha
sowan ing ngarsané Gusti Yésus (wong

Saduki kuwi wong sing padha ora
ngandel yèn wong mati bakal tangi
menèh).
19 Wong-wong mau padha matur
marang Gusti Yésus: "Guru, Nabi
Musa sampun damel prenatan kanggé
kula sedaya mekaten: Samangsa
wonten tiyang jaler ingkang pejah,
nilar randha nanging mboten gadhah
anak, sedhèrèkipun jaler tiyang ingkang
pejah menika kedah mendhet randha
wau dados sémahipun, supados
nglestantunaken turuné sedhèrèkipun
jaler ingkang sampun pejah wau.
20 Lah, samangké wonten tiyang jaler
pitu sasedhèrèk. Ingkang mbajeng
émah-émah, nanging lajeng pejah tanpa
nilar anak.
21 Adhinipun lajeng mendhet randha
wau dados sémahipun. Nanging
piyambakipun ugi lajeng pejah tanpa
nilar anak. Mekaten ugi lelampahanipun
sedhèrèk ingkang nomer tiga, nomer
sekawan ngantos dumugi pitu.
22 Tiyang-tiyang wau sedaya sampun
naté sesémahan kaliyan tiyang èstri
menika tanpa gadhah anak. Tiyang èstri
wau akiripun inggih lajeng pejah.

23 Samenika pitakèn kula dhateng
Panjenengan: ‘Mbénjing, ing
mangsanipun tiyang pejah sami
katangèkaken déning Gusti Allah, tiyang
èstri wau badhé dados sémahipun
sinten? Awit sedaya sedhèrèk jaler pitu
wau sampun naté mendhet tiyang èstri
wau dados sémahipun.’"
24 Gusti Yésus banjur ngandika: "Kowé
kuwi klèru banget, awit padha ora ngerti
surasané Kitab Suci, lan ora ngerti
marang pangwasané Gusti Allah.
25 Sebab yèn wong mati mbésuk
katangèkaké, wong-wong mau ora bakal
omah-omah menèh, nanging bakal
padha urip kaya malaékat ing swarga.
26 Lan bab tanginé wong mati, apa
kowé ora tau maca Kitabé Nabi Musa,
bab grumbul eri sing murub? Ing
ayat-ayat mau ana tulisan, yèn Gusti
Allah ngandika marang Nabi Musa: ‘Aku
iki Allahé Abraham, Allahé Iskak lan
Allahé Yakub!’
27 Apa Gusti Allah kuwi dudu Allahé
wong urip? Kuwi ateges yèn wong
sing ngabekti marang Gusti Allah kuwi
wong-wong sing urip, dudu wong sing
mati."

28 Ana para ahli Torèt sing ngrungokaké
wawancarané wong-wong Saduki karo
Gusti Yésus kuwi. Para ahli Torèt mau
ngarani, yèn ngandikané Gusti Yésus
bener banget. Dhèwèké banjur matur
marang Gusti Yésus: "Angger-angger
ingkang wigatos piyambak menika
ingkang pundi?"
29 Gusti Yésus ngandika: "Dhawuh sing
gedhé dhéwé kuwi mengkéné: ‘Wong
Israèl, padha rungokna! Ora ana Allah
liyané kejaba mung Allah sing kita
bektèni.
30 Kowé padha tresnaa marang Gusti
Allah kanthi gemblenging atimu lan
gemblenging jiwa ragamu, kanthi
sakèhing kapinteranmu lan sakatoging
kekuwatanmu.’
31 Déné dhawuh sing nomer loro: ‘Kowé
padha tresnaa marang sapepadhamu
kaya enggonmu tresna marang awakmu
dhéwé.’ Ora ana angger-angger
liyané menèh sing gedhéné ngungkuli
angger-angger loro mau."
32 Ahli Torèt mau banjur nyambungi:
"Menika leres sanget. Kasinggihan
menapa ingkang Panjenengan
ngandikakaken. Ingkang jumeneng Allah

mboten wonten sanèsipun kejawi Gusti
Allah piyambak.
33 Lan manungsa kedah tresna
dhateng Gusti Allah kanthi gemblenging
manahipun, kanthi sekathahing
pikiranipun, kanthi sakatoging
kekiyatanipun, sarta tresna dhateng
sesami kados enggènipun nresnani
dhateng badanipun piyambak;
menika langkung wigatos tinimbang
ngurbanaken kéwan lan sanès-sanèsipun
dhateng Gusti Allah."
34 Saka wangsulané ahli Torèt mau
Gusti Yésus pirsa yèn dhèwèké kuwi
wong sing wicaksana. Mulané Gusti
Yésus banjur ngandika: "Kowé wis wiwit
nyandhak kepriyé caranè dadi umat
ing Kratoné Allah." Sabanjuré ora ana
menèh wong sing wani takon apa-apa
marang Gusti Yésus.
35 Nalika Gusti Yésus memulang ana
ing Pedalemané Allah, Panjenengané
mundhut pirsa: "Kepriyé nalaré, kokpara
ahli Torèt padha ngandhakaké, yèn Sang
Kristus kuwi turuné Sang Prabu Dawud?
36 Mangka Sang Prabu Dawud
dhéwé, kanthi panuntuné Roh Suci,
ngandika: ‘Gusti Allah wis ngandika

marang Gustiku: Lungguha ana
ing tengen-Ku nganti Aku nelukaké
mungsuh-mungsuhmu ana ing tlapakané
sikilmu.’
37 (12-37a) Sang Prabu Dawud dhéwé
nyebut Sang Kristus: ‘Gusti’, kepriyé
déné Panjenengané kokturuné Sang
Prabu Dawud?" (12-37b) Wong akèh sing
padha ana ing Pedalemané Allah mau
padha seneng ngrungokaké piwulangé
Gusti Yésus.
38 Nalika Gusti Yésus mulang marang
wong akèh mau, Panjenengané paring
pitutur mengkéné: "Padha dingati-ati
karo para ahli Torèt. Para ahli Torèt kuwi
padha seneng nganggo jubah dawa,
lan seneng diurmati déning wong ing
pasar-pasar.
39 Ana ing papan-papan pangibadah
lan ana ing pésta-pésta, senengé padha
milih panggonan sing ngarep dhéwé.
40 Nanging wong-wong mau padha
seneng mblithuki lan ngrampas
omahé randha-randha, banjur padha
éthok-éthok ndedonga kang suwé
kanggo nutupi pialané. Wong-wong sing
mengkono kuwi bakal abot paukumané!"

41 Nalika Gusti Yésus pinarak ing
sangareping pethi pisungsung ing
Pedalemané Allah, Panjenengané
migatosaké wong-wong enggoné padha
saos pisungsung. Akèh wong sugih-sugih
sing padha saos pisungsung dhuwit
akèh.
42 Banjur ana randha mlarat teka,
nglebokaké dhuwit rong gobang, dhuwit
sing cilik dhéwé ajiné.
43 Gusti Yésus banjur nimbali murid-
muridé, sarta ngandika: "Kowé padha
Dakkandhani: randha mlarat kuwi
enggoné nglebokaké dhuwit ana ing
pethi pisungsung luwih akèh tinimbang
karo wong-wong liyané kabèh.
44 Sebab dhuwit sing padha dilebokaké
ing pethi pisungsung mau saka
kaluwihané. Nanging randha miskin
kuwi wis nglebokaké dhuwité kabèh
sing diduwèni, sing dibutuhaké kanggo
nyambung uripé."

13 1 Nalika Gusti Yésus miyos saka
Pedalemané Allah, ana muridé
sing matur marang Panjenengané:
"Gusti, Panjenengan kula aturi mirsani.
Iba éndahipun gedhong-gedhong saha
séla-sélanipun."

2 Gusti Yésus ngandika: "Apa
Pedalemané Allah iki kokarani éndah?
Watu siji waé ora ana sing bakal tetep
ana ing panggonané. Awit saben watu
bakal dijugrugaké."
3 Nalika Gusti Yésus pinarak ana
ing Gunung Zaitun, sing dunungé
adhep-adhepan karo Pedalemané Allah,
murid-muridé yakuwi Pétrus, Yakobus,
Yohanes lan Andréas, padha sowan
dhéwé ana ing ngarsané.
4 Murid-murid mau padha matur:
"Guru, mbénjing menapa sedaya menika
enggènipun badhé kelampahan? Lan
menapa tandha-tandhanipun bilih
sampun badhé dumugi wekdalipun?"
5 Gusti Yésus ngandika: "Padha sing
ngati-ati, aja nganti kena diapusi ing
wong.
6 Bakal akèh wong sing padha teka
nganggo jeneng-Ku, lan padha kandha:
‘Aku iki Panjenengané!’, banjur padha
ngapusi wong akèh.
7 Menawa kowé padha krungu swarané
perang lan krungu kabar bab peprangan,
aja padha wedi. Prekara-prekara sing
kaya mengkono kuwi pancèn kudu

kelakon. Nanging kuwi ora ateges yèn
jaman kiamat wis tekan mangsané.
8 Bangsa sing siji bakal memungsuhan
karo bangsa sijiné. Negara sing siji
bakal nglurugi perang negara liyané.
Ing endi-endi bakal ana lindhu lan ana
pailan. Kuwi mau kabèh mung lagi
wiwitané kaya wong wadon sing nglarani
arep babaran.
9 Kowé kudu padha ngati-ati, sebab
kowé bakal padha dicekel lan diajokaké
ana ing pengadilaning agama. Kowé
bakal padha digebugi ana ing papan-
papan pangibadah. Kowé bakal padha
diajokaké marang para penggedhé
lan raja-raja merga saka Aku, supaya
srana mengkono, kowé padha nglairaké
paseksi bab Aku marang wong-wong
mau.
10 Sebab Injil kuwi mesthi diwartakaké
dhisik marang sakèhé bangsa.
11 Déné menawa kowé padha dicekel
lan diajokaké ana ing pengadilan, aja
padha kuwatir bab apa sing bakal
kokkandhakaké. Yèn wis tekan wektuné,
kandhakna waé apa sing didhawuhaké
déning Gusti Allah marang kowé
ing wektu kuwi. Tembung-tembung

sing bakal kokucapaké kuwi dudu tembungmu dhéwé, nanging pakaryané Sang Roh Suci.
12 Wong bakal ngulungaké seduluré dhéwé supaya dipatèni. Bapak bakal ngulungaké anak-anaké, lan anak-anak bakal ngulungaké ibuné lan bapakné, supaya padha dipatèni. Kowé bakal disengiti déning wong kabèh merga saka Aku.
13 Nanging wong sing tahan nganti tekan ing wekasan, wong kuwi bakal dislametaké."
14 "Kowé bakal padha ndeleng ‘si Duraka sing gawé rusak’ ana ing panggonan sing dudu papané. (Catheten kanggo sing maca: padha ngertia, apa surasané.) Ing wektu kuwi wong-wong sing ana ing tanah Yudéa padha mlayua menyang pegunungan.
15 Wong sing ana ing payoning omah aja padha ndadak mudhun njupuk apa-apa sing ana ing omah.
16 Wong sing ana ing pategalan aja padha mulih njupuk sandhangané.
17 Iba enggoné nggegirisi ing dina-dina kuwi tumrapé para wong wadon sing lagi

padha mbobot, tuwin ing ngatasé ibu-ibu
sing padha nusoni bayiné.
18 Padha nyuwuna marang Gusti Allah,
supaya lelakon-lelakon sing mengkono
kuwi aja nganti kelakon ing mangsa
rendheng.
19 Sebab ing mangsa kuwi bakal ana
kasusahan sing gedhé banget, sing
durung tau kelakon ana ing donya
iki, wiwit Gusti Allah nitahaké donya
iki nganti sepréné, lan uga ora bakal
kelakon menèh.
20 Saupama Gusti Allah ora ngungkret
mangsa kasangsaran mau, mesthi ora
ana wong siji waé sing bakal slamet.
Nanging merga saka umat pilihané, Gusti
Allah nyendhakaké mangsa kasangsaran
mau.
21 Yèn ing wektu kuwi ana wong kandha
marang kowé: ‘Delengen, Sang Kristus
ana ing kéné!’, utawa yèn ana sing
kandha: ‘Lha kaé, Panjenengané ana ing
kana!’ kowé aja padha ngandel.
22 Sebab ‘kristus-kristus palsu’ lan
‘nabi-nabi palsu’ bakal padha muncul.
Kuwi bakal padha gawé mujijat-mujijat
sing sedyané, yèn bisa, arep ngapusi
umat pilihané Gusti Allah.

23 Sing padha waspada! Kabèh mau
wis Dakkandhakaké marang kowé
sadurungé kelakon."
24 "Sawisé mangsa kasusahan mau,
srengéngé bakal dadi peteng, lan
rembulan ilang padhangé.
25 Lintang-lintang bakal padha tiba saka
ing langit, lan kaanan ing sakurebing
langit bakal kisruh ora karuwan.
26 Ing wektu kuwi Putraning Manungsa
bakal ngetingal ing méga, ngagem
kamulyan lan pangwasa.
27 Panjenenganć bakal ngutus
malaékat-malaékaté supaya ngumpulaké
umaté, sing pinilih saka kéblat papat,
yakuwi saka tapel watesé bumi sisih
tekan sisihé."
28 "Padha sinaua saka kaananć wit anjir.
Menawa epangé padha ijo-ijo lan memes
sarta wiwit semi, kowé padha ngerti yèn
wis mèh mangsa panas.
29 Mengkono uga, menawa kowé padha
weruh prekara-prekara mau kelakon,
kowé padha ngertia yèn wis tekan
wektuné Panjenenganć rawuh.
30 Padha élinga! Wong-wong sing saiki
isih urip, bakal isih padha ngalami
lelakon-lelakon mau.

31 Langit lan bumi bakal sirna, nanging
apa sing Dakkandhakaké ora bakal
sirna."
32 "Senajan mengkono, ora ana wong
siji waé sing ngerti kapan dinané lan
kapan wektuné prekara mau bakal
kelakon. Malaékat-malaékat ing swarga
ora padha ngerti, lan Putraning Allah uga
ora pirsa. Mung Sang Rama waé sing
pirsa.
33 Mulané kowé kudu tansah jaga-jaga
lan waspada, sebab kowé padha ora
ngerti kapan wektuné.
34 Ibaraté kaya wong sing ninggal
omahé, lunga menyang papan adoh.
Wong mau ndhawuhi abdi-abdiné,
supaya ngurus omahé, siji-sijiné padha
diparingi kuwajiban dhéwé-dhéwé. Sing
dipatah jaga gapura, olèhé jaga supaya
sing tumemen.
35 Mulané kowé kudu tansah siyaga,
sebab kowé padha ora ngerti kapan
mulihé sing duwé omah mau. Bisa uga
soré, bisa uga tengah wengi, bisa uga
ésuk umun-umun, bisa uga bareng karo
mlethèké srengéngé.

36 Samangsa-mangsa sing duwé omah mau teka, aja nganti kowé ketemu lagi turu.
37 Kabèh sing Dakkandhakaké marang kowé iki, uga Dakkandhakaké marang wong kabèh: Padha jaga-jagaa lan sing waspada!"

14

1 Riaya Paskah lan Riaya Pésta Roti Tanpa Ragi mung kari rong dina menèh. Paskah kuwi riayané agama Yahudi. Ing dina mau wong padha mangan roti tanpa ragi. Para pengareping imam lan para ahli Torèt isih padha golèk dalan enggoné arep nyekel lan nyédani Gusti Yésus.
2 Kandhané wong-wong mau: "Bab iki aja ditindakaké ing dina riaya; mundhak marakaké gègèran."
3 Gusti Yésus ana ing désa Bètani, mertamu ing omahé Simon sing wis tau lara kusta. Nalika Panjenengané lagi dhahar, ana wong wadon mlebu ing omah kono, nggawa botol isi lenga sing kagawé saka oyod-oyod sing wangi. Lenga wangi mau regané larang. Guluné botol dipecah, lengané diesokaké ing mestakané Gusti Yésus.

4 Wong sawetara sing ana ing kono
padha nepsu karo grundelan: "Apa
ngono kuwi ora jeneng ngebrèh?
5 Nèk lenga kuwi diedol rak payu
telung atus dinar, banjur dhuwité
kena diwènèhaké wong-wong miskin."
Wong-wong mau padha ngluputaké
wong wadon kuwi.
6 Gusti Yésus banjur ngandika: "Mbok
wis ta, padha enengna waé! Yagéné
kowé kokpadha cawé-cawé? Wong kuwi
nindakaké prekara sing becik tumrap
Aku.
7 Wong miskin rak selawasé ana ing
antaramu. Nèk gelem, kowé padha bisa
mènèhi pitulungan marang wong-wong
mau. Nanging Aku rak ora selawasé ana
ing antaramu.
8 Wong wadon iki wis nglakoni apa
mesthiné, yakuwi nyawisaké badan-Ku
sadurungé kakubur.
9 Ngandela, ing ngendi waé, ing donya
iki, angger Injil kaundhangaké, ing
kono apa sing dilakoni wong wadon iki
uga bakal dicritakaké, supaya srana
mengkono dadi pengéling-éling marang
wong kuwi ing selawasé."

10 Yudas Iskariot, panunggalané para
murid rolas, nemoni para pengareping
imam arep ngulungaké Gusti Yésus.
11 Para pengareping imam bareng
krungu rancangané Yudas Iskariot mau,
padha seneng banget lan janji arep
mènèhi dhuwit. Yudas Iskariot banjur
golèk dalan, kepriyé bisané ngulungaké
Gusti Yésus.
12 Nalika semana lagi Riaya Pésta Roti
Tanpa Ragi, dina sing kapisan. Ing dina
kuwi wong padha nyembelèh cempé
kanggo Paskahan. Para muridé Gusti
Yésus padha matur: "Gusti ngersakaken
kita sami nyawisaken dhahar Paskah
wonten ing pundi?"
13 Gusti Yésus banjur ngutus murid
loro, didhawuhi mengkéné: "Kowé padha
menyanga kutha. Ana ing kono kowé
bakal padha kepethuk karo wong lanang
lagi nggawa kendhi. Wong kuwi etutna.
14 Endi omahé sing dileboni, sing duwé
omah temonana, lan kandhaa: ‘Gusti
ndangu: Endi panggonan sing arep
Dakenggo dhahar Paskah karo para
murid-murid-Ku?’
15 Wong mau bakal nuduhaké
panggonané ana kamar ing dhuwur,

kamar gedhé, sing wis ditata apik, kabèh
wis cumawis. Ing kono kowé padha
nyawisna Paskah kanggo kita kabèh."
16 Murid loro mau banjur padha
mangkat menyang kutha. Kabèh tinemu
kaya sing didhawuhaké déning Gusti
Yésus. Murid-murid mau banjur padha
nyawisaké dhahar Paskah ana ing kono.
17 Bareng wis wayah soré, Gusti Yésus
lan para muridé rolas, padha munggah
menyang ing panggonan sing dicawisaké
mau.
18 Nalika wis padha kembul dhahar ana
ing méja, Gusti Yésus ngandika: "Ana
murid-Ku, sing saiki lagi kembul mangan
ing kéné, bakal ngulungaké Aku."
19 Murid-muridé banjur padha dadi
susah, sarta padha genti-gentèn matur
marang Gusti Yésus: "Rak sanès kula ta
Gusti?"
20 Nanging Gusti Yésus ngandika:
"Pancèn panunggalanmu wong rolas iki.
Mengko sapa sing nyelupaké rotiné ana
ing pinggan bareng karo Aku, yakuwi
wongé.
21 Putraning Manungsa bakal séda,
kuwi wis katulis ing Kitab Suci. Nanging
bilai wong sing ngulungaké Putraning

Manungsa. Luwih becik saupama wong
kuwi biyèn ora dilairaké."
22 Nalika lagi padha mangan, Gusti
Yésus banjur mundhut roti. Sawisé
saos panuwun marang Gusti Allah, roti
mau dicuwil-cuwil, diparingaké marang
murid-muridé, karo ngandika: "Padha
panganen. Iki badan-Ku!"
23 Gusti Yésus nuli mundhut tuwung
isi anggur, banjur ngaturaké panuwun
marang Gusti Allah. Sawisé mengkono,
tuwungé banjur diparingaké marang
para muridé. Kabèh padha ngombé
gentènan.
24 Gusti Yésus banjur ngandika: "Iki
getih-Ku sing diwutahaké kanggo wong
akèh, kanggo pikukuhing prasetyané
Gusti Allah.
25 Nanging kowé padha Dakkandhani,
yèn Aku ora bakal ngombé anggur
menèh nganti Aku ngombé anggur anyar
ana ing Kratoné Allah."
26 Gusti Yésus lan murid-muridé banjur
padha ngrepèkaké kidung pamuji.
Sawisé kuwi banjur padha tindak
menyang Gunung Zaitun.
27 Gusti Yésus banjur ngandika marang
para muridé: "Kowé bakal padha keplayu

lan ninggal Aku. Sebab wis katulis ana
ing Kitab Suci, yèn Gusti Allah bakal
matèni pangoné, lan wedhus-wedhusé
bakal padha buyar.
28 Nanging sawisé Aku ditangèkaké
menèh, Aku bakal lunga menyang tanah
Galiléa, ndhisiki kowé."
29 Pétrus mangsuli: "Mboten! Senajan
para murid sanès-sanèsipun sami nilar
Panjenengan, kula mesthi mboten."
30 Gusti Yésus banjur ngandika:
"Titènana, bengi iki uga, sadurungé jago
kluruk ping pindho, kowé bakal kandha
nganti ping telu, yèn kowé ora kenal
karo Aku."
31 Pétrus banjur matur menèh: "Saèstu,
mboten badhé kelampahan! Senajan
kula kedah pejah sareng kaliyan
Panjenengan, kula mesthi mboten badhé
criyos, bilih kula mboten tepang kaliyan
Panjenengan." Para murid liyané iya
padha kandha mengkono.
32 Gusti Yésus lan para muridé padha
tindak menyang taman sing jenengé
Gètsémané. Ana ing kono Gusti Yésus
banjur ngandika karo para muridé:
"Padha ngentènana ana ing kéné. Aku
arep ndedonga."

33 Gusti Yésus banjur dhawuh marang
Pétrus, Yakobus lan Yohanes, supaya
padha ndhèrèk. Gusti Yésus kraos wedi
lan giris.
34 Pangandikané marang muridé telu
sing padha ndhèrèk: "Aku sedhih banget.
Rasané kaya arep mati. Aku entènana
ana ing kéné, lan aja padha turu."
35 Gusti Yésus banjur tindak rada adoh
saka kono, banjur sumungkem ana ing
lemah, ndedonga. Ana ing pandongané
mau Panjenengané nyuwun, yèn
kepareng, supaya ora susah ngalami
lelakon sing mengkono kuwi.
36 Aturé: "Dhuh Rama, mboten wonten
barang ingkang mokal kagem Paduka.
Menawi wonten kepareng Paduka,
kasangsaran menika kasingkirna saking
kawula. Nanging sampun ngantos
pikajeng kawula, namunga kersa Paduka
kémawon ingkang kelampahan."
37 Sawisé mengkono Gusti Yésus banjur
tindak ing panggonané murid-murid sing
padha ngentèni, ketemu lagi padha turu.
Gusti Yésus banjur ngandika marang
Pétrus: "Simon! Yagéné kowé kokturu?
Apa kowé ora kuwat melèk sajam waé?"

38 Gusti Yésus banjur ngandika marang
para muridé mau: "Padha melèka, lan
padha ndedongaa, supaya kowé aja
nganti dikalahaké déning panggodha.
Pancèn rohmu kepéngin nglakoni apa
sing becik, nanging ora bisa, sebab
daging kuwi sèkèng."
39 Gusti Yésus banjur ndedonga menèh,
kanthi matur padha kaya mau.
40 Sawisé kuwi banjur tindak menèh ing
panggonané murid-muridé, kang lagi
padha turu menèh. Murid-muridé mau
padha ngantuk banget. Mulané padha
ora bisa mangsuli apa-apa.
41 Bareng Gusti Yésus rawuh sing
kaping teluné, Panjenenganė banjur
ngandika: "Lho, kowé kokpadha turu
menèh? Saiki wis tekan wektuné Putrané
Manungsa diulungaké lan dipasrahaké
marang pangwasané para wong dosa.
42 Wis, padha tangia, lan ayo padha
lunga. Delengen, wong sing ngulungaké
Aku wis teka!"
43 Nalika Gusti Yésus isih ngandika
karo para muridé, dumadakan Yudas
Iskariot teka. Yakuwi panunggalané
muridé Gusti Yésus wong rolas. Yudas
mau tekané bareng karo wong akèh sing

padha nggawa pedhang lan penthung.
Wong-wong mau padha diutus déning
para pengareping imam, para ahli Torèt
lan pemimpin-pemimpiné wong Yahudi.
44 Yudas wis mènèhi tandha marang
wong-wong mau, mengkéné: "Endi
wong sing dakambung, yakuwi wongé.
Cekelen, banjur gawanen lunga, lan
jaganen sing kuwat."
45 Nalika Yudas tekan ing kono, banjur
marani Gusti Yésus karo muni: "Bapak
Guru!," banjur ngambung Gusti Yésus.
46 Wong-wong sing tekané bareng karo
Yudas mau banjur padha ngebyuk. Gusti
Yésus dicekel, banjur dibanda.
47 Nanging ana salah sijiné wong ing
kono, sing ngunus pedhangé, banjur
disabetaké abdiné Imam Agung nganti
kupingé tatas.
48 Gusti Yésus ngandika marang wong-
wong mau: "Apa Aku iki kokanggep
wong ala, kokenggonmu nyekel Aku
padha nggawa pedhang lan penthung?
49 Saben dina Aku rak ana ing
ngarepmu, memulang ana ing
Pedalemané Allah; kowé kokpadha ora
nyekel Aku. Nanging pancèn wis kuduné

mengkono, supaya kelakon apa sing wis
katulis ana ing Kitab Suci."
50 Para muridé Gusti Yésus nuli
padha mlayu, Panjenengané ditinggal
piyambakan.
51 Ana nom-noman sing ngetutaké
Gusti Yésus, mung nganggo klambi
salembar saka mori. Wong-wong padha
arep nyekel dhèwèké,
52 nanging nom-noman mau bisa uwal,
mung klambiné sing kèri, banjur mlayu
tanpa klambi.
53 Gusti Yésus digawa menyang dalemé
Imam Agung. Ing kono para pengareping
imam, para penggedhéné bangsa Yahudi,
lan para ahli Torèt lagi padha ngumpul.
54 Pétrus ngetutaké Gusti Yésus
saka kadohan, nganti mlebu ing
platarané dalemé Imam Agung. Ana
ing kono Pétrus banjur lungguh cedhak
bedhiyang, bebarengan karo para
prejurit.
55 Para pengareping imam lan pegawé
Pradataning Agama kabèh padha ngudi
bisané olèh bukti-bukti, supaya Gusti
Yésus pantes diukum pati. Nanging
wong-wong mau padha ora olèh
apa-apa.

56 Akèh seksi-seksi sing padha awèh
paseksi goroh bab Gusti Yésus, lan
paseksiné mau siji lan sijiné padha
sulaya.
57 Banjur ana seksi-seksi sawetara sing
ngadeg, ngandhakaké paseksi goroh uga
bab Gusti Yésus.
58 Paseksiné mengkéné: "Kula sami
mireng, bilih tiyang menika criyos: ‘Aku
bakal ngrubuhaké Pedalemané Allah
sing dibangun déning manungsa iki,
lan sajroné telung dina bakal mbangun
Pedalemané Allah sing dudu gawéané
manungsa.’"
59 Nanging paseksiné wong-wong kuwi
uga padha cengkah siji lan sijiné.
60 Imam Agung tumuli ngadeg ana ing
ngarepé wong-wong kabèh mau, banjur
takon marang Gusti Yésus: "Apa kowé
ora mangsuli babar-pisan pandakwané
wong-wong mau marang kowé?"
61 Gusti Yésus mèndel waé, ora
ngandika babar-pisan. Imam Agung
banjur takon sepisan menèh: "Apa kowé
kuwi Sang Kristus, sing dijanjèkaké
déning Gusti Allah? Apa kowé kuwi
Putraning Allah Kang Mahasuci?"

62 Gusti Yésus ngandika: "Iya, bener pangandikamu. Panjenengan kabèh bakal pirsa, yèn Putrané Manungsa bakal lenggah ing sisih tengené Kang Mahakwasa. Lan panjenengan bakal padha pirsa Putrané Manungsa rawuh ana ing méganing langit."
63 Sakal Imam Agung banjur nyuwèk-nyuwèk agemané, sarta ngandika: "Saiki ora prelu nganggo seksi menèh!
64 Kowé wis padha krungu dhéwé enggoné nyenyamah Gusti Allah kuwi. Saiki kepriyé putusané?" Wong kabèh mau banjur padha sarujuk, yèn Gusti Yésus wajib diukum pati.
65 Ana wong sawetara sing banjur ngidoni. Uga ana wong sing nutupi paningalé Gusti Yésus, banjur ngantemi Panjenenganè, karo takon: "Coba bedhèken, sapa sing ngantemi kowé?" Para prejurit uga padha mèlu ngantemi Gusti Yésus.
66 Nalika Pétrus isih ana ing plataraning dalemé Imam Agung, ana wong wadon abdiné Imam Agung sing marani.
67 Bareng weruh Pétrus lagi bedhiyang, abdi wadon mau namataké rainé Pétrus,

banjur kandha: "Kowé rak iya muridé
Yésus, wong Nasarèt kuwi ta?"
68 Nanging Pétrus sélak. Wangsulané
Pétrus marang abdi mau: "Apa
kandhamu? Aku ora ngerti karepmu!"
Pétrus banjur mlaku menyang gapura.
Nalika semana banjur ana jago kluruk.
69 Abdi wadon mau banjur nyedhaki
Pétrus menèh. Lan dhèwèké ngandhani
wong-wong sing ana ing kono: "Wong iki
rak iya muridé Yésus kuwi ta?"
70 Nanging Pétrus sélak menèh. Durung
sepira suwéné, wong-wong sing ana
ing kono banjur kandha menèh marang
Pétrus: "Iya, saiki kowé ora bisa mukir,
kowé pancèn golongané wong kuwi,
sebab kowé uga wong Galiléa!"
71 Pétrus banjur wiwit sumpah-sumpah,
kandhané: "Mbok mati ta aku. Aku ora
kenal karo wong sing kokkandhakaké
kuwi!"
72 Ing wektu kuwi uga jago kluruk
kaping pindhoné. Pétrus banjur kèlingan,
yèn Gusti Yésus naté ngandika marang
dhèwèké: "Sadurungé jago kluruk
rambah ping pindho, kowé bakal nyélaki
Aku nganti ping telu; kandha yèn kowé

ora tepung karo Aku." Mulané Pétrus
banjur nangis kelara-lara.

15 1 Isih ésuk banget, para warganing
Pradata Agama wis nglumpuk
kabèh. Para pengareping imam, para
penggedhéné bangsa Yahudi, lan
para ahli Torèt, padha énggal-énggal
rembugan. Gusti Yésus dibanda, nuli
digawa menyang ngarsané Gubernur
Pilatus, lan dipasrahaké.
2 Gubernur Pilatus ndangu marang
Gusti Yésus: "Apa bener, kowé ratuné
wong Yahudi?" "Inggih leres menapa
ingkang panjenengan ngandikakaken,"
mengkono ngandikané Gusti Yésus.
3 Para pengareping imam banjur padha
ngaturaké pandakwa werna-werna.
4 Gubernur Pilatus banjur ndangu
menèh marang Gusti Yésus: "Apa kowé
ora mangsuli apa-apa? Coba, semono
akèhé pandakwané marang kowé!"
5 Nanging Gusti Yésus ora ngandika
babar-pisan, nganti Gubernur Pilatus
gumun.
6 Lumrahé pendhak Riaya Paskah
Gubernur Pilatus ngluwari wong ukuman
siji, manut pilihané wong akèh.

7 Nalika semono ing pakunjaran ana
wong lanang jenengé Barabas. Wong
mau panunggalané pembrontak sing
padha matèni wong nalika ana rerusuh.
8 Wong-wong padha sowan marang
Gubernur Pilatus, sarta padha nyuwun
luwaré wong ukuman siji, kaya adaté.
9 Gubernur Pilatus banjur ndangu
marang wong akèh mau: "Apa kowé
rujuk, yèn aku ngluwari ratuné wong
Yahudi iki?"
10 Gubernur Pilatus wis pirsa, yèn para
pengareping imam enggoné ngladèkaké
Gusti Yésus marang panjenengané, kuwi
merga saka drengkiné.
11 Nanging para pengareping imam
padha ngojok-ojoki wong akèh, supaya
padha nyuwun luwaré Barabas.
12 Gubernur Pilatus banjur ndangu
marang wong akèh mau: "Nèk ngono,
banjur wong sing koksebut ratuné wong
Yahudi iki kudu dakkapakaké?"
13 Wong-wong mau padha mbengok
saur manuk: "Disalib mawon!"
14 Pitakoné Gubernur Pilatus: "Nanging
keluputané wong iki apa?" Wong-wong
mau banjur padha bengok-bengok luwih
sora menèh: "Disalib mawon!"

15 Mulané Gubernur Pilatus banjur
ngluwari Barabas kanggo wong-wong
kuwi, supaya padha marem atiné.
Pilatus nuli dhawuh, supaya Gusti Yésus
dipecuti, banjur dipasrahaké supaya
disalib.
16 Gusti Yésus digawa déning para
prejurit menyang bangsal pengadilan,
ing gubernuran. Prejurit-prejurité kabèh
tumuli diklumpukaké.
17 Gusti Yésus banjur padha diagemi
jubah wungu déning para prejurit mau,
lan digawèkaké makutha saka eri.
Makutha mau banjur diagemaké ana ing
mestakané.
18 Sawisé kuwi para prejurit nuli awèh
pakurmatan marang Gusti Yésus, karo
muni: "Saos bekti, ratunipun tiyang
Yahudi!"
19 Mestakané Gusti Yésus banjur
dithuthuk nganggo kayu lan
Panjenengané banjur diidoni, sarta
padha sujud ana ing ngarsané.
20 Bareng wis padha marem enggoné
nggawé geguyon, jubahé wungu banjur
diuculi, lan agemané Gusti Yésus
diagemaké menèh. Tumuli Panjenengané

digawa metu menyang sanjabané kutha,
arep disalib.
21 Ana ing dalan para prejurit kepethuk
wong lanang sing banjur dipeksa dikon
manggul salibé Gusti Yésus. Wong mau
pinuju teka saka désa, arep mlebu
kutha. (Wong mau jenengé Simon, asal
saka kutha Kiréné, bapakné Alèksander
lan Rufus.)
22 Gusti Yésus digawa menyang
panggonan sing karan Golgota, sing
tegesé "Panggonan Cumplung."
23 Ana ing kono Gusti Yésus arep dicaosi
ngunjuk anggur sing dicampuri ‘mur’,
nanging ora kersa ngunjuk.
24 Wekasané wong-wong mau padha
nyalib Gusti Yésus. Agemané banjur
padha diedum, srana diundhi, supaya
saben wong nampani bagéan manut
undhi mau.
25 Gusti Yésus kasalib jam sanga ésuk.
26 Ing sandhuwuré salibé ditulis
pandakwa sing marakaké Panjenengané
nganti disalib, yakuwi "Ratuné wong
Yahudi."
27 Bareng karo penyalibé Gusti Yésus
mau, wong-wong mau uga padha nyalib

bégal loro, siji ana ing satengené Gusti
Yésus, sijiné ana ing sakiwané.
28 [Srana mengkono kang katulis ing
Kitab Suci kelakon temenan, yakuwi:
‘Panjenengané kapétung wong ala.’]
29 Wong-wong sing padha liwat ana
ing kono padha ngisin-isin lan moyoki.
Wong-wong mau padha gèdhèg-gèdhèg
lan padha muni: "Saiki rasakna! Kowé
arep ngrubuhaké Pedalemané Allah, lan
arep kokadegaké menèh sajroné telung
dina.
30 Coba, saiki mudhuna saka salib,
tulungana awakmu dhéwé!"
31 Para pengareping imam lan para ahli
Torèt uga padha moyoki, padha muni siji
karo sijiné: "Dhèwèké nylametaké wong
liya, nanging nylametaké awaké dhéwé
ora bisa?
32 Menawa dhèwèké Ratuné bangsa
Israèl temenan, Juru Slamet sing
dijanjèkaké déning Gusti Allah, karebèn
mudhun saka salib. Yèn pancèn
mengkono, mengko aku ndhak padha
precaya marang dhèwèké!" Wong-wong
sing padha disalib bebarengan karo Gusti
Yésus kuwi uga padha mèlu moyoki.

33 Wiwit jam rolas awan, nganti sajroné
telung jam, sanegara dadi peteng.
34 Nalika jam telu kuwi Gusti Yésus
nguwuh kanthi sora: "Éloi, éloi, lama
sabakhtani?," sing tegesé: "Dhuh Allah
kawula, Allah kawula, kénging menapa
Paduka nilar kawula?"
35 Wong-wong sing padha krungu
panguwuhé mau banjur kandha: "Wong
kuwi ngundang Nabi Élia!"
36 Banjur ana salah siji sing énggal-
énggal njupuk sepon, banjur dicelupaké
ing anggur kecut, nuli disundukaké ing
pucuking kayu dawa, ditèmpèlaké ing
lathiné Gusti Yésus, supaya dicecep,
karo muni: "Coba kita entèni, Nabi
Élia mengko rawuh nulungi Wong kuwi
mudhun saka salib apa ora!"
37 Gusti Yésus banjur nguwuh menèh,
tumuli séda.
38 Geber sing ana ing Pedalemané Allah
suwèk dadi loro, saka ndhuwur mengisor.
39 Perwira tentara sing ngadeg ana ing
sangarepé salib kono menangi enggoné
Gusti Yésus nguwuh banjur séda. Perwira
mau kandha: "Pancèn bener, Wong iki
Putrané Allah!"

40 Ing kono uga ana wong wadon sawetara, sing padha nyawang lelakon mau kabèh saka kadohan, kayata: Salomé, Maryam Magdaléna, Maryam ibuné Yakobus sing enom lan Yusuf.
41 Wong-wong wadon kuwi sing tansah ngetutaké Gusti Yésus, sarta ngladosi nalika Panjenengané ana ing tanah Galiléa. Kejaba kuwi ing kono ana wong wadon akèh liyané menèh sing padha teka saka kutha Yérusalèm, bebarengan karo Gusti Yésus.
42 Ana warganing Pradata Agama sing kajèn kéringan, jenengé Yusuf, asalé saka Arimatéa, ngarep-arep kebabaré Kratoné Allah. Nalika semana mbeneri dina pacawisan, (yakuwi dina ngarepaké dina Sabbat), mangka wayahé wis soré, mulané Yusuf mau nékad sowan ing ngarsané Gubernur Pilatus, nyuwun layoné Gusti Yésus.
43 (15:42)
44 Bareng krungu yèn Gusti Yésus wis séda, Gubernur Pilatus gumun, banjur utusan nimbali sing jaga. Perwira mau didangu, apa wis suwé Gusti Yésus enggoné séda.

45 Bareng wis nampa lapurané perwira
mau, Yusuf diparengaké njupuk layoné
Gusti Yésus.
46 Yusuf banjur tuku mori kafan sing
alus. Sawisé kuwi layoné Gusti Yésus
nuli diudhunaké, banjur diulesi nganggo
mori mau. Layoné tumuli disarèkaké ing
kuburan sing isih anyar. Kuburan kuwi
guwa sing ditatah ana ing pegunungan
padhas. Sawisé mengkono, lawangé
guwa banjur ditutup nganggo watu
gedhé.
47 Nalika semana Maryam Magdaléna
lan Maryam ibuné Yusuf, ndeleng lan
ngerti papan sumaréné Gusti Yésus.

16

1 Bareng dina Sabbat wis kliwat,
Maryam Magdaléna, Maryam
ibuné Yakobus, lan Salomé, padha lunga
tuku ubarampéné adon-adonan lenga
kanggo mborèhi layoné Gusti Yésus.
2 Ésuk umun-umun, ing dina kapisan
minggu kuwi, wong-wong mau padha
lunga menyang pesaréan. Nalika semana
srengéngé lagi mlethèk.
3 Ana ing dalan wong-wong mau padha
rerasanan: "Mengko sapa sing arep
nulungi awaké dhéwé, ngglundhungaké
watuné? Mangka watuné gedhé banget."

4 Nanging bareng wis padha tekan
ing pesaréan, watuné ketemu wis
gumlundhung.
5 Wong-wong mau banjur padha mlebu.
Ana ing njero pesaréan kono padha
weruh ana wong nom-noman nganggo
sandhangan putih lungguh ana ing sisih
tengen. Wong-wong wadon kuwi padha
kagèt.
6 Nom-noman mau banjur kandha: "Aja
padha wedi. Aku ngerti, yèn kowé padha
nggolèki Gusti Yésus saka Nasarèt, sing
wis disalib. Panjenengané ora ana ing
kéné. Awit Panjenengané wis wungu.
Delengen ta, ya ana ing kéné iki lho
mauné olèhé nyèlèhaké layoné.
7 Saiki kowé padha lungaa. Lelakon
iki kandhakna karo para muridé, lan
uga marang Pétrus. Kandhakna yèn
Gusti Yésus tindak ndhisiki menyang
tanah Galiléa. Ana ing tanah Galiléa
kana, bakal padha weruh Panjenengané,
kaya sing wis dingandikakaké marang
murid-muridé."
8 Wong-wong wadon mau nuli padha
metu saka ing pesaréan, banjur padha
mlayu, awit kagèt banget campur wedi.

Saking wediné, wong-wong mau padha
ora kandha apa-apa marang sapa waé.
9 [Wong-wong wadon mau banjur padha
marani Pétrus lan kanca-kancané, padha
dicritani kanthi cekak, bab apa sing wis
dikandhakaké déning wong nom-noman
mau. Nanging sawisé mengkono, Gusti
Yésus piyambak ngutus para muridé,
didhawuhi padha lunga saka ing Wétan
mengulon, ngabarakė kabar keslametan
langgeng, yakuwi kabar suci, sing
bakal ngumandhang terus tekan ing
ngendi-endi.] Bareng Gusti Yésus wis
wungu, ing dina kapisan (dina Minggu),
isih umun-umun, sing diketingali dhisik
dhéwé Maryam Magdaléna (sing tau
ditundhung dhemité pitu déning Gusti
Yésus).
10 Maryam Magdaléna banjur ngandhani
wong-wong sing mauné padha ndhèrèk
Gusti Yésus, sing lagi padha sedhih
banget.
11 Nalika padha ngrungokaké critané
Maryam, bab wunguné Gusti lan bab
enggoné Maryam wis diketingali dhéwé
déning Panjenenganė, wong-wong mau
padha ora ngandel.

12 Sawisé kuwi Gusti Yésus tumuli
ngetingal marang muridé loro nganggo
cara sing béda menèh, yakuwi nalika
wong loro mau lagi padha mlaku arep
menyang sawijining désa.
13 Dadiné wong loro mau banjur padha
bali, ngandhani kanca liya-liyané.
Nanging wong-wong mau padha ora
ngandel.
14 Wekasané, Gusti Yésus ngetingal
marang muridé sewelas, nalika lagi
padha mangan. Panjenengané melèhaké
murid-muridé mau, bab enggoné kurang
precaya lan wangkoting atiné, déné
padha ora gelem ngandel marang
paseksiné wong-wong sing wis padha
weruh dhéwé, yèn Gusti Yésus wis
wungu.
15 Gusti Yésus banjur paring dhawuh
marang murid-muridé: "Padha lungaa,
ndlajahi sajagad kabèh, Injilé Allah
padha wartakna marang saumat kabèh.
16 Wong sing precaya lan dibaptis bakal
slamet. Nanging wong sing ora gelem
precaya, bakal diukum.
17 Wong sing precaya bakal padha
diparingi pretandha, yakuwi bakal kwasa
nundhungi dhemit nganggo nyebut

jeneng-Ku. Bakal padha clathu nganggo
basa sing wong-wong mau dhéwé padha
ora ngerti tegesé.
18 Menawa padha nyekel ula utawa
ngombé racun, ora bakal ngalami bilai.
Samangsa padha ndemèk wong lara,
sing lara bakal mari."
19 Sawisé Gusti Yésus ngandika marang
para murid-muridé, Panjenengané
kaangkat menyang swarga. Ana ing kana
Panjenengané lenggah ing satengené
Gusti Allah.
20 Para muridé banjur padha lunga,
ngabaraké Injil ana ing ngendi-endi.
Gusti Allah uga makarya bebarengan
karo murid-murid mau, srana daya
kasektèn, mujijat-mujijat, minangka
bukti yèn apa sing diwartakaké déning
para murid mau nyata.

Lukas

1 1 Katur ing panjenenganipun Bapak
Téofilus ingkang kinasih. Kathah
tiyang ingkang sampun mbudidaya
nyerat lelampahan-lelampahan ingkang
kedadosan wonten ing antawis kita.
2 Kados ingkang dipun cariyosaken
déning tiyang-tiyang ingkang wiwit-
wiwitan sami nyipati piyambak
lelampahan-lelampahan wau, lajeng
martosaken prekawis menika.
3 Mila sesampunipun kula niti priksa
piyambak prekawis wau saking
wiwitanipun, prayogi menawi kula
mratélakaken sedaya wau dhateng
panjenengan,
4 kanthi pengangkah, supados
panjenengan pirsa bilih sedaya ingkang
kawucalaken dhateng panjenengan
menika nyata.
5 Nalika jamané Sang Prabu Hérodès
dadi ratu ing tanah Yudéa, ana imam
jenengé Zakharia. Imam mau golongané
imam-imam Abia. Somahé jenengé
Élisabèt, uga ana turuné imam.

6 Sekaroné padha wong mursid;
seneng ngèstokaké dhawuh lan netepi
angger-anggeré Allah.
7 Imam Zakharia lan Élisabèt mau ora
duwé anak, jalaran Élisabèt gabug.
Mangka loro-loroné wis padha tuwa.
8 Sawijining dina, Imam Zakharia
nindakaké kuwajibané ngimami ing
pangibadah, jalaran nalika semana
golongan imam-imam Abia olèh giliran
netepi kuwajibané ing Pedalemané Allah.
9 Kaya padatan, caranė diundhi. Imam
Zakharia ketiban undhi mlebu ing
Pedalemané Allah ngobong dupa.
10 Nalika Imam Zakharia lagi nindakaké
upacara mau, ing jaba ana umat akèh
sing padha ndedonga.
11 Dumadakan ana malaékat ngrawuhi
Imam Zakharia. Malaékat mau jumeneng
ana ing sisih tengené mesbèh, papané
ngobong dupa.
12 Imam Zakharia nalika weruh
malaékat mau kagèt lan wedi banget.
13 Nanging malaékat mau banjur
ngandika: "Aja wedi, Zakharia! Gusti
Allah wis miyarsakaké pandongamu.
Élisabèt, somahmu, bakal mbabar anak
lanang. Bocah kuwi jenengna Yohanes.

14 Kowé bakal bungah banget; semono
uga lairé bocah mau bakal njalari akèh
wong padha mèlu seneng.
15 Bocah kuwi bakal dadi wong sing
pinunjul ana ing ngarsané Pangéran,
mulané ora kena ngombé anggur lan
minuman liyané sing mendemi. Wiwit
saka wetenganè ibuné, bocah kuwi bakal
kapenuhan ing Roh Suci.
16 Yèn wis gedhé bakal dadi panuntun
sing njalari wong Israèl akèh sing padha
mratobat marang Pangéran Allahé.
17 Anakmu mau bakal dadi utusané
Gusti Allah sing peng-pengan lan
pangwasané kaya Nabi Élia. Anakmu
kuwi bakal ngrukunaké bapak karo anak,
lan nuntun wong mursal dadi mursid.
Enggoné nindakaké mengkono kuwi
supaya nyawisaké umat sing sembada
tumrap ing Pangéran."
18 Imam Zakharia nuli matur: "Kados
pundi enggèn kawula saged mangertos,
bilih pangandika Panjenengan menika
èstu badhé kelampahan, awit kawula
sampun sepuh, mekaten ugi sémah
kawula?"
19 Wangsulané malaékat: "Aku iki
Gabrièl, sing ngadhep ana ngarsané

Gusti Allah. Aku diutus ndhawuhaké
pawarta sing mbungahaké iki marang
kowé.
20 Apa sing dakkandhakaké iki mesthi
bakal kelakon, ing wektu sing wis
ditemtokaké déning Gusti Allah.
Nanging sarèhné kowé ora ngandel
karo kandhaku, mulané kowé bakal
dadi bisu, nganti tekan wektuné sing
dakkandhakaké iki mau kelakon kabèh."
21 Kacarita umat sing padha ana ing
jaba ngentèni metuné Imam Zakharia.
Wong akèh mau padha gumun, apa
sebabé kokimam suwé banget ana ing
Pedalemané Allah.
22 Bareng metu, Imam Zakharia ora
bisa caturan, mung bisa mènèhi sasmita
nganggo tangané waé. Wong akèh
mau banjur padha ngerti, yèn Imam
Zakharia mentas nampa wahyu ana ing
Pedalemané Allah.
23 Sarampungé tugas ana ing
Pedalemané Allah, Imam Zakharia
banjur mulih.
24 Ora let suwé Élisabèt, somahé nuli
ngandhut, lan sajroné limang sasi ora
metu-metu saka omahé.

25 Élisabèt mosik ing sajroning ati:
"Pungkasané Gusti Allah mitulungi aku,
lan ngilangi sing njalari isinku karo
wong-wong, nganti aku saiki wis ora
prelu isin menèh."
26 Bareng Élisabèt enggoné ngandhut
wis nem sasi, Gusti Allah banjur ngutus
Malaékat Gabrièl menyang kutha
Nasarèt, ing tanah Galiléa.
27 Enggoné diutus mrana mau prelu
nemoni prawan, sing jenengé Maryam.
Prawan mau lagi pepacangan karo wong
sing jeneng Yusuf, tedhak-turuné Sang
Prabu Dawud.
28 Malaékat mau nemoni Maryam lan
ngandika: "Begja kowé sing dikasihi
déning Pangéran! Pangéran nganthi
marang kowé!"
29 Krungu pangandikané malaékat sing
mengkono mau, Maryam kagèt banget,
sarta tuwuh pitakonan ing sajroning ati:
gèk apa tegesé salam mau.
30 Malaékat nuli ngandika marang
Maryam: "Aja wedi Maryam, awit kowé
olèh kanugrahan gedhé saka Pangéran.
31 Kowé bakal ngandheg sarta mbabar
anak lanang; anak kuwi jenengna Yésus.

32 Anakmu mau bakal dadi pinunjul,
sarta disebut Putrané Kang Mahaluhur.
Pangéran bakal njumenengaké Sang
Putra mau dadi Ratu, kaya Sang Prabu
Dawud, leluhuré.
33 Panjenengané bakal dadi Ratuning
anak-turuné Yakub ing selawas-lawasé.
Kratoné bakal ora ana wekasané."
34 Maryam banjur matur marang
malaékat mau: "Kados pundi sagedipun
prekawis menika kelampahan, jalaran
kawula menika taksih prawan?"
35 Malaékat mau nuli mangsuli: "Roh
Suci bakal nedhaki kowé, sarta kwasané
Gusti Allah bakal ngayomi kowé. Mulané
Putra sing miyos kuwi suci, sarta bakal
disebut Putraning Allah.
36 Lan ngertia, yèn Élisabèt, sanakmu
sing wis tuwa lan diarani gabug, kuwi
saiki wis ngandheg nem sasi.
37 Sebab tumrapé Gusti Allah ora ana
barang sing mokal."
38 Maryam banjur matur: "Kawula
menika abdinipun Pangéran. Sedaya wau
kelampahana tumraping kawula, kados
ingkang Panjenengan ngandikakaken
menika." Sawisé mengkono malaékat
mau banjur nilar Maryam.

39 Ora let suwé Maryam banjur
lunga menyang sawijining kutha ing
tanah Yudéa, sing dunungé ana ing
pegunungan.
40 Ana ing kono Maryam njujug ing
omahé Imam Zakharia. Nalika mlebu ing
omah mau, Maryam celuk-celuk karo
awèh salam marang Élisabèt.
41 Bareng krungu swarané Maryam
awèh salam mau, bayi sing ana ing
wetengané Élisabèt nggronjal. Merga
kapenuhan déning Roh Suci,
42 Élisabèt banjur ngucap klawan swara
seru: "Kowé wong sing begja dhéwé
ana ing antarané wong wadon kabèh!
Mengkono uga binerkahana bayi sing
kokkandhut kuwi.
43 Sapa ta aku iki, déné nganti
karawuhan ibuné Gustiku?
44 Merga nalika aku krungu swaramu
awèh salam, bayi sing ana ing wetengku
nggronjal krana saka bungahé.
45 Begja, déné kowé precaya, yèn apa
sing dingandikakaké déning Gusti Allah
marang kowé, kuwi bakal kelakon!"
46 Maryam banjur ngucap mengkéné:
"Nyawaku ngluhuraké Pangéran,

47 lan atiku suka-rena merga Gusti
Allah, Juru Slametku.
48 Merga Panjenenganè nggatèkaké
aku, abdiné sing nistha! Wiwit saiki
saben wong bakal ngarani aku wong
begja.
49 Awit Gusti Allah Kang Mahakwasa wis
nindakaké pakaryan sing pinunjul ing
ngatasé aku. Mula Asmané kasucèkna!
50 Pangéran melasi wong sing wedi asih
marang Panjenenganè, turun-tumurun.
51 Gusti Allah mbuyaraké wong sing
padha angkuh, srana pangwasané
astané; lan rancanganė wong mau
digawé kocar-kacir.
52 Gusti Allah nglorod para pangwasa
saka ing kalungguhané, lan wong sing
asor diluhuraké.
53 Gusti Allah maringi pangan wong
sing padha keluwèn srana peparing sing
becik, nanging wong sugih ditundhung,
tanpa diparingi apa-apa.
54 Gusti Allah nulungi Israèl, abdiné,
awit arep netepi janjiné marang leluhuré.
55 Yakuwi janjiné, enggoné bakal
maringaké sih-rahmaté marang
Abraham lan turun-turuné kabèh, ing
selawas-lawasé."

56 Maryam enggoné ana ing omahé
Élisabèt nganti wetara telung sasi, nuli
mulih.
57 Bareng wis tekan mangsané, Élisabèt
banjur mbabar putra kakung.
58 Tangga teparo lan sanak seduluré
padha krungu bab gedhéning sih-
kadarmané Pangéran sing kaparingaké
marang Élisabèt. Wong-wong mau padha
mèlu bungah banget.
59 Nalika bayiné umur wolung dina,
tangga teparo lan sanak seduluré mau
padha teka, arep netaki bayiné. Karepé
wong-wong mau bayiné arep padha
dijenengi Zakharia, kaya bapakné.
60 Nanging ibuné muni: "Aja! Bocah iki
kudu dijenengaké Yohanes!"
61 Wong-wong mau nuli padha muni:
"Lho, ing antarané sedulur-sedulurmu
rak ora ana ta sing jenengé Yohanes?"
62 Nuli padha takon marang Zakharia
nganggo sasmita, bayi mau arep
dijenengaké sapa.
63 Zakharia nuli njaluk sabak lan nulis
ing sabak mau: Jenengé "Yohanes".
Wong kabèh padha gumun banget.

64 Sanalika iku uga Zakharia bisa
caturan lan ngluhuraké asmané Gusti
Allah.
65 Tangga teparoné kabèh padha wedi,
lan pawarta mau kawentar ing daérah
pegunungan Yudéa kabèh.
66 Wong kabèh sing padha krungu bab
lelakon kuwi nuli padha mikir lan takon
ing sajroning ati: "Bocah iki mbésuk
bakal dadi apa?" Merga cetha yèn
pangwasané Allah nunggil karo bocah
mau.
67 Imam Zakharia, bapakné si bayi
Yohanes mau, nuli kapenuhan ing Roh
Suci, sarta medhar pameca, mengkéné:
68 "Ayo padha memuji marang
Pangéran, Allahé bangsa Israèl! Gusti
Allah wis rawuh nylametaké umaté, lan
padha diluwari.
69 Gusti Allah maringi Juru Slamet sing
kwasa marang kita, yakuwi turuné Sang
Prabu Dawud, abdiné.
70 Gusti Allah dhèk biyèn wis janji,
lumantar nabiné kang suci,
71 yèn kita bakal diluwari saka tangané
mungsuh-mungsuh kita lan saka
pangwasané wong sing padha sengit
marang kita.

72 Supaya srana mengkono
Panjenengané ngetingalaké sih-
kadarmané marang para leluhur kita,
sarta netepi janjiné sing suci.
73 Gusti Allah wis supaos marang leluhur
kita Abraham, lan wis janji arep ngluwari
kita saka mungsuh kita, supaya kita bisa
ngabekti marang Panjenengané, tanpa
rasa wedi,
74 (1:73)
75 ing sajroning kasucèn lan kabeneran
ana ing ngarsané, selawasé urip kita.
76 Déné kowé, enggèr anakku, kowé
bakal disebut nabiné Gusti Allah sing
Mahaluhur. Kowé diutus déning Gusti
Allah minangka utusan sing ndhisiki
tindaké, prelu nyawisaké dalan kagem
Panjenengané,
77 sarta nuduhaké marang umaté,
yèn umat mau bakal dislametaké,
srana pangapuraning dosa sing bakal
diparingaké marang umat mau.
78 Pangéran Allah kita kuwi loma,
sarta akèh sih-piwelasé; Panjenengané
bakal rawuh ngluwari kita. Padha kaya
srengéngé mlethèk ing wayah ésuk,
79 mengkono Panjenengané bakal
madhangi marang saben wong, sing

padha urip ana ing pepetenging dosa lan
tansah krasa wedi. Gusti Allah nuntun
kita marang dalaning katentreman."
80 Anaké Imam Zakharia mau saya
mundhak gedhé lan jiwané saya santosa.
Bocah mau manggoné ana ing ara-ara
samun, nganti tekan dina madegé dadi
nabi ana ing Israèl.

2 1 Nalika semana Kaisar Agustus
paring dhawuh, supaya para
kawulaning Krajan Rum kabèh padha
nyathetaké jenengé, lan diétung cacahé.
2 Cacah jiwa sing kapisan kuwi
ditindakaké nalika Kirénius dadi
gubernur ing tanah Siria.
3 Wong kabèh banjur padha mangkat
ndhaftaraké jenengé ing kutha asalé
dhéwé-dhéwé.
4 Yusuf iya nuli mangkat saka kutha
Nasarèt ing tanah Galiléa, menyang
kutha Bètléhèm, ing tanah Yudéa.
Bètléhèm kuwi kutha kelairané Sang
Prabu Dawud. Mangka Yusuf kuwi
tedhak-turuné Sang Prabu Dawud.
5 Lungané Yusuf mau bebarengan karo
Maryam, pacangané, sing lagi ngandheg.

6 Nalika wong loro mau tekan ing kutha
Bètléhèm, Maryam enggoné ngandheg
wis tekan wektuné babaran.
7 Maryam nuli mbabar putra kakung,
putra pembarep. Putra mau nuli
digedhong, banjur disèlèhaké ana ing
wadhah pakan kéwan, jalaran Yusuf lan
Maryam padha ora olèh panggonan ana
ing omah penginepan.
8 Ing daérah kono wengi kuwi ana
pangon-pangon sing lagi padha nginep
ana ing ara-ara, njaga wedhusé.
9 Dumadakan ana Malaékating Pangéran
jumeneng ana ing sacedhaké, lan cahya
kamulyaning Pangéran madhangi
wong-wong mau, nganti padha wedi
banget.
10 Nanging malaékat mau ngandika:
"Aja wedi, sebab tekaku iki nggawa
kabar becik kanggo kowé, lan sing bakal
mbungahaké wong kabèh.
11 Ing dina iki wis miyos Juru Slametmu
ana ing kuthané Sang Prabu Dawud,
yakuwi Sang Kristus kang jumeneng
Gusti.
12 Déné tengeranė mengkéné: Kowé
bakal weruh bayi sing digedhong,

sumèlèh ana ing wadhah pakaning
kéwan."
13 Dumadakan mbarengi malaékat
mau ana malaékat akèh banget, padha
memuji marang Gusti Allah, tembungé:
14 "Pinujia Allah kang ana ing ngaluhur!
Lan tentrem rahayu ana ing bumi tumrap
wong sing dikasihi déning Gusti Allah!"
15 Sakonduré para malaékat mau
menyang swarga, para pangon nuli
padha rerasanan: "Ayo padha mangkat
menyang kutha Bètléhèm lan ndeleng
apa sing wis kelakon ana ing kana, kaya
sing dingandikakaké déning Gusti Allah
marang kita."
16 Para pangon mau nuli énggal-énggal
padha mangkat, lan ketemu Maryam lan
Yusuf, sarta Sang Bayi, sing sumèlèh
ana ing wadhah pakan kéwan.
17 Bareng weruh bayi kuwi, para
pangon nuli padha nyritakaké apa sing
dingandikakaké déning malaékat bab
Sang Bayi mau.
18 Kabèh wong sing padha krungu
critané para pangon mau padha gumun
banget.
19 Nanging Maryam nyathet kuwi
mau kabèh ana ing atiné, sarta

dirasak-rasakaké, apa tegesé kuwi mau
kabèh.
20 Para pangon mau nuli padha bali,
sarta ngluhuraké Gusti Allah srana
puji-pujian, sebab apa sing dirungu lan
dideleng mau kabèh cocog banget karo
sing dingandikakaké déning malaékat.
21 Sawisé umur wolung dina, Sang
Bayi nuli ditetaki, lan ditetepaké
asmané: Yésus, yakuwi jeneng sing
dingandikakaké malaékat marang
Maryam, sadurungé ngandheg Sang Bayi
mau.
22 Bareng wis tekan wektuné, Yusuf lan
Maryam nuli nindakaké upacara miturut
prenataning agama sing kadhawuhaké
déning Nabi Musa. Sang Bayi banjur
digawa menyang Yérusalèm, arep
disaosaké marang Pangéran.
23 Awit ana tulisan ing Kitab Suci, sing
uniné mengkéné: "Kabèh anak lanang
mbarep kudu kapiji kagem Gusti Allah."
24 Déné enggoné Yusuf lan Maryam
padha lunga menyang kutha Yérusalèm
kuwi uga arep nyaosaké kurban, yakuwi
manuk dara sajodho, utawa piyik dara
loro, miturut dhawuh prenatané Allah
ing Kitab Suci.

25 Nalika semana ing kutha Yérusalèm
ana wong jeneng Siméon, wong mursid,
sing ngabekti marang Pangéran, lan
nganti-anti, mbésuk kapan Gusti Allah
enggoné paring keslametan marang
bangsa Israèl. Siméon kuwi wong sing
kapenuhan ing Roh Suci,
26 lan kaparingan wangsit déning Roh
Suci, yèn ora bakal mati, sadurungé
weruh Sang Mèsiah,[a] sing dijanjèkaké
déning Pangéran.
27 Saka panuntuning Sang Roh Suci
mau, Siméon mlebu ing Pedalemané
Allah, nalika Yusuf lan Maryam nggawa
Sang Bayi iya mlebu ing Pedalemané
Allah arep disaosaké marang Pangéran,
manut prenatané agama Yahudi.
28 Siméon banjur nyandhak Sang Bayi
mau, dibopong klawan memuji marang
Pangéran:
29 "Dhuh Pangéran, samenika Paduka
sampun netepi janji. Keparenga
samenika abdi Paduka tilar-donya
klawan tentrem.
30 Awit mripat kawula sampun ningali
piyambak Juru Wilujeng peparing
Paduka.

---

[a]Mèsiah: Mèsias, tegesipun "Kang Jinebadan."

31 Ingkang Paduka cawisaken kanggé
kawilujenganipun sedaya bangsa:
32 kados pepadhang ingkang madhangi
marginipun bangsa-bangsa sanès,
supados sami sowan dhateng Paduka.
Inggih menika pepadhang, ingkang
njalari umat Paduka Israèl dipun urmati
déning para bangsa."
33 Yusuf lan Maryam padha gumun,
krungu apa sing diucapaké déning
Siméon bab Bayi mau.
34 Siméon nuli mberkahi Yusuf, Maryam
lan Sang Bayi mau, lan kandha marang
Maryam: "Bocah iki dikersakaké déning
Pangéran, dadi jalarané tiba lan tanginé
wong akèh ing Israèl, lan dadi pratandha
saka Pangéran, sing bakal dibantah
déning wong akèh.
35 Srana mengkono bakal kabukak
wewadi-wewadi sing sumimpen ana ing
atiné wong akèh. Kowé dhéwé bakal
ngrasakaké sedhih, nganti atimu kaya
tinuwek déning pedhang sing landhep."
36 Ing kono uga ana nabi wadon sing
wis tuwa banget, jenengé nabi mau
Hanna, anaké Fanuèl, saka taler Asyèr.
Sawisé kawin pitung taun lawasé,

37 Hanna mau dadi randha. Umuré
saiki wis wolung puluh papat taun.
Hanna presasat ora tau mingsed saka
Pedalemané Allah. Ana ing kono Hanna
mau rina wengi ngabekti marang Gusti
Allah, klawan ndedonga lan pasa.
38 Nalika Hanna mau iya teka ing
Pedalemané Allah, banjur memuji
marang Gusti Allah, sarta nyritakaké bab
Sang Bayi mau marang wong kabèh,
sing uga padha nganti-anti mbésuk
kapan Gusti Allah enggoné arep ngluwari
kutha Yérusalèm.
39 Sawisé ngrampungaké sakèhing
kuwajiban manut dhawuhé Gusti Allah,
Yusuf lan Maryam nuli mulih menyang
kutha Nasarèt, ing tanah Galiléa.
40 Sang Bayi saya mundhak gedhé lan
rosa, dadi Putra sing wicaksana, sarta
diberkahi déning Gusti Allah.
41 Rama lan ibuné Gusti Yésus saben
taun padha menyang kutha Yérusalèm,
prelu netepi prenatané Riaya Paskah.
42 Bareng Gusti Yésus wis yuswa rolas
taun, Panjenengané uga diajak.
43 Sarampungé kraméan Paskah,
Yusuf lan Maryam nuli mulih, nanging
Gusti Yésus isih kantun ana ing kutha

Yérusalèm. Wong tuwané padha ora
ngerti,
44 jalaran Gusti Yésus dikira wis kondur
dhisik, bareng karo wong-wong. Sawisé
mlaku sedina muput, wong tuwané nuli
nggolèki Gusti Yésus ana ing antarané
sanak-kadang lan para tepungané.
45 Nanging meksa padha ora bisa
nemokaké putrané. Mulané Yusuf lan
Maryam banjur padha bali menèh
menyang ing kutha Yérusalèm, karo
terus nggolèki.
46 Sawisé enggoné nggolèki olèh
telung dina, Sang Putra lagi ketemu,
tibaké ana ing Pedalemané Allah,
ana ing satengahé para alim-ulama,
ngrungokaké piwulangé para alim-ulama
mau lan ngajokaké pitakonan-pitakonan.
47 Kabèh wong sing padha krungu
enggoné Gusti Yésus ngandika, padha
gumun banget marang kapinterané
sajroné mangsuli para alim-ulama.
48 Uga rama lan ibuné padha gumun
banget. Maryam kandha: "Nggèr, yagéné
kowé kokgawé répoté bapak lan ibumu?
Olèhku padha nggolèki kowé nganti
uwas atiku."

49 Aturé Gusti Yésus: "Kénging menapa
rama lan ibu madosi kula? Menapa
mboten pirsa, bilih kula kedah wonten
ing dalemipun Rama kula?"
50 Rama lan ibuné ora nyandhak tegesé
wangsulané Gusti Yésus mau.
51 Sawisé kuwi Gusti Yésus ndhèrèk
rama lan ibuné kondur menyang kutha
Nasarèt. Panjenengané tansah mbangun-
turut marang panggulawenthahé rama
lan ibuné. Déné Maryam, ibuné, nyathet
prekara kuwi mau kabèh ana ing atiné.
52 Gusti Yésus saya mundhak gedhé lan
mundhak wicaksana. Semono uga saya
kinasihan ing Allah lan manungsa.

3 1 Nalika pepréntahané Kaisar Tibérius
wis nyandhak limalas tauné, Pontius
Pilatus dadi gubernur ing tanah Yudéa.
Déné sing dadi ratu wilayah ing tanah
Galiléa kuwi Sang Prabu Hérodès. Sang
Prabu Filipus, sedhèrèké, dadi ratu
wilayah ing tanah Ituréa lan Trakhonitis.
Déné Sang Prabu Lisanias dadi ratu
wilayah ana ing tanah Abiléné.
2 Sing dadi imam-imam agung nalika
semana Hanas lan Kayafas. Iya dhèk
jaman semana kuwi Gusti Allah paring
pangandika marang Nabi Yohanes,

putrané Imam Zakharia, ana ing ara-ara
samun.
3 Nabi Yohanes nuli ndlajahi wilayahé
Kali Yardèn kabèh, karo memulang,
pangandikané: "Padha mratobata saka
dosa-dosamu lan padha njaluka dibaptis,
supaya olèh pangapuraning dosa saka
Gusti Allah."
4 Iki cocog karo sing katulis ing kitabé
Nabi Yésaya, mengkéné: "Ana wong
nguwuh-uwuh ing ara-ara samun: ‘Padha
nyawisna dalané Pangéran, lencengna
dalan sing arep diambah.
5 Jurang-jurang kudu diurugi, lan
gunung-gunung sarta punthuk dirata.
Dalan sing ménggak-ménggok kudu
dilencengaké, sing mendhak-mendhukul
kudu dirata.
6 Manungsa kabèh bakal padha weruh,
enggoné Gusti Allah nylametaké umaté!’"
7 Akèh wong sing padha teka marani
Nabi Yohanes nyuwun dibaptis. Nabi
Yohanes nuli ngandika marang wong-
wong mau: "Kowé tetesané ula, wong
goroh. Sapa sing akon kowé nyingkiri
paukumané Gusti Allah sing bakal
kokalami?

8 Buktèkna srana kalakuanmu, yèn
kowé wis mratobat temenan! Lan
aja rumangsa: ‘Aku rak anak-turuné
Abraham!’ Sebab ngandela, yèn Gusti
Allah kuwi kwasa nitahaké tedhak-turuné
Abraham saka watu-watu iki!
9 Weruha, wadungé wis dicepakaké
kanggo negor wit ing poking oyodé.
Saben wit sing ora metokaké woh becik
bakal ditegor lan dibuwang ing geni."
10 Wong akèh mau nuli padha takon
marang Nabi Yohanes: "Menawi
mekaten, lajeng menapa ingkang kedah
sami kula lampahi?"
11 Wangsulané Nabi Yohanes: "Sapa
sing duwé klambi loro, sing siji kudu
diwènèhaké marang sing ora duwé
klambi. Sapa sing duwé pangan, kudu
mènèhi pangan marang sing ora duwé."
12 Pegawé-pegawé pajeg uga padha
marani Nabi Yohanes nyuwun dibaptis.
Wong mau padha matur marang Nabi
Yohanes mengkéné: "Guru, kula kedah
sami nglampahi menapa?"
13 Wangsulané Nabi Yohanes: "Aja
padha narik pajeg ngluwihi saka sing wis
ditetepaké."

14 Uga para prejurit padha nyuwun
pirsa: "Lha kula, Guru, kula kedah
nglampahi menapa?" Wangsulané Nabi
Yohanes: "Aja padha meres sapa waé
lan aja ngrampas, utawa ndakwa wong
sing ora sabeneré; cukup ora cukup,
uripa saka pametumu dhéwé."
15 Nalika semana akèh wong sing padha
ngarep-arep marang rawuhé Sang
Mèsias. Mulané akèh sing padha duwé
pengira yèn Yohanes kuwi pancèn Sang
Mèsias.
16 Merga saka kuwi Nabi Yohanes
banjur ngandika marang wong-wong
mau: "Aku iki mbaptis kowé nganggo
banyu, nanging mbésuk bakal ana Wong
sing luwih kwasa ketimbang aku. Kuwi
bakal rawuh, lan senajan mung nguculi
taliné trumpahé waé aku ora patut.
Panjenengané sing bakal mbaptis kowé
nganggo Roh Suci lan geni.
17 Panjenengané wis samekta napèni
pariné sing wis ditutu. Berasé bakal
dilebokaké ing lumbung, nanging
mrambuté bakal diobong ing geni sing
ora bisa sirep!"
18 Kaya mengkono mau enggoné Nabi
Yohanes mulang marang wong akèh

nganggo patrap rupa-rupa, sajroné
martakaké Injilé Allah.
19 Nabi Yohanes uga melèhaké Sang
Prabu Hérodès, ratu wilayah ing tanah
Galiléa bab enggoné krama karo
Hérodias, garwané seduluré Sang Prabu
dhéwé. Mengkono uga bab piala-piala
liyané, sing dilakoni Sang Prabu.
20 Nanging malah saya ndadra enggoné
nglakoni piala, yakuwi srana nglebokaké
Nabi Yohanes ing pakunjaran.
21 Sawisé wong akèh mau padha
dibaptis, Gusti Yésus nuli iya dibaptis.
Sajroné Gusti Yésus isih ndedonga,
langité kawiyak,
22 lan Sang Roh Suci nedhaki
Panjenengané, rupa manuk dara.
Banjur ana swara saka ing swarga
sing ngandika: "Kowé kuwi Putra-Ku,
sing Dakkasihi, lan sing gawé renaning
ati-Ku."
23 Nalika Gusti Yésus miwiti pakaryané,
yuswané kira-kira telung puluh taun.
Wong padha ngarani Panjenengané kuwi
anaké Yusuf, yakuwi anaké Èli,
24 anaké Matat, anaké Lèwi, anaké
Mèlkhi, anaké Yanai, anaké Yusuf,

25 anaké Matica, anaké Amos, anaké
Nahum, anaké Hèsli, anaké Nagai,
26 anaké Maat, anaké Matica, anaké
Simèi, anaké Yosékh, anaké Yoda,
27 anaké Yohanan, anaké Résa, anaké
Zérubabel, anaké Séaltièl, anaké Néri,
28 anaké Mèlkhi, anaké Adi, anaké
Kosam, anaké Èlmadam, anaké Èr,
29 anaké Yésua, anaké Élièzer, anaké
Yorim, anaké Matat, anaké Lèwi,
30 anaké Siméon, anaké Yéhuda, anaké
Yusuf, anaké Yonam, anaké Èlyakim,
31 anaké Méléa, anaké Mina, anaké
Matata, anaké Natan, anaké Dawud,
32 anaké Isai, anaké Obèd, anaké Boas,
anaké Salmon, anaké Nahason,
33 anaké Aminadab, anaké Admin,
anaké Arni, anaké Hèzron, anaké Pèrès,
anaké Yéhuda,
34 anaké Yakub, anaké Iskak, anaké
Abraham, anaké Térah, anaké Nahor,
35 anaké Sérug, anaké Réhu, anaké
Pèlèg, anaké Ébèr, anaké Salmon,
36 anaké Kénan, anaké Arpakhsad,
anaké Sèm, anaké Nuh, anaké Lamèkh,
37 anaké Métusalah, anaké Hénokh,
anaké Yarèd, anaké Mahalaléèl, anaké
Kénan,

38 anaké Énos, anaké Sèt, anaké Adam,
putrané Allah.

4 1 Nalika Gusti Yésus kondur saka Kali
Yardèn, Panjenenganè kapenuhan
déning Sang Roh Suci. Saka panuntuning
Sang Roh Suci mau Gusti Yésus nuli
tindak menyang ara-ara samun.
2 Ana ing kono digodha déning Iblis
lawasé patang puluh dina. Sajroné
semono lawasé kuwi, Panjenenganè
siyam, ora dhahar apa-apa. Bareng wis
kliwat wektuné siyam, Gusti Yésus kraos
luwé.
3 Iblis banjur matur: "Sarèhning
Panjenengan menika Putranipun Allah,
sumangga séla menika Panjenengan
sabdakaken dados roti."
4 Gusti Yésus ngandika: "Ing Kitab Suci
ana tulisan mengkéné: ‘Uripé manungsa
kuwi ora mung saka roti waé!’"
5 Gusti Yésus banjur digawa déning
Iblis, munggah ing papan sing dhuwur
banget. Ing sajroning wektu sing suwéné
mung sakedhèping mripat, Iblis banjur
nedahaké marang Gusti Yésus sakèhing
krajan sing ana ing jagad.
6 Aturé Iblis: "Sedaya pangwasa lan
kamulyan menika badhé kula saosaken

dhateng Panjenengan, awit menika
sedaya sampun dados gadhahan kula,
lan kula saged nyukakaken dhateng
sinten kémawon sakajeng kula.
7 Pramila, sedaya menika badhé
dados kagungan Panjenengan, menawi
Panjenengan kersa nyembah sujud
dhateng kula."
8 Gusti Yésus ngandika: "Ing Kitab
Suci ana tulisan: ‘Pangéran Allahmu
kuwi sing wajib koksembah, lan mung
Panjenengané piyambak sing wajib
kokbektèni.’"
9 Sawisé kuwi Iblis banjur nggawa
Gusti Yésus menyang kutha Yérusalèm
lan mapanaké Panjenengané ana ing
wuwunging Pedalemané Allah. Iblis nuli
matur: "Sarèhning Panjenengan menika
Putranipun Allah, sumangga kula aturi
anjlog ing siti.
10 Awit ing Kitab Suci wonten seratan
mekaten: ‘Gusti Allah bakal ngutus para
malaékaté ngreksa marang Kowé.’
11 Lan malih: ‘Kowé bakal ditadhahi
nganggo tangané, supaya sikilmu aja
kena ing watu.’"

12 Pangandikané Gusti Yésus: "Ing Kitab
Suci uga ana tulisan: ‵Kowé aja nyoba
marang Pangéran, Allahmu.′"
13 Sawisé rampung enggoné nggodha,
Iblis banjur mundur saka ing ngarsané
Gusti Yésus, arep golèk wektu sing
becik.
14 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli kondur
menyang tanah Galiléa. Panjenenganè
dikwaosi déning Sang Roh Suci.
Pawartané sumebar ing satanah kono.
15 Gusti Yésus memulang ana ing
sinagogé-sinagogé,[b] lan wong kabèh
padha ngalembana Panjenengané.
16 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli tindak
menyang kutha Nasarèt, kutha asalé
Gusti Yésus piyambak. Ing dina Sabbat,
Gusti Yésus kaya adat saben, tindak
menyang sinagogé. Nalika jumeneng
arep maos Kitab Suci,
17 Panjenengané dicaosi Kitab Yésaya.
Bareng dibukak, manggih ayat sing
uniné mengkéné:
18 "Sang Roh Suci dumunung ana
ing Aku. Awit Pangéran wis milih Aku
supaya ngabaraké. Injilé Allah marang

---

[b]sinagogé: papan pangibadahipun tiyang Yahudi.

wong miskin. Pangéran ngutus Aku
mertakaké pangluwaran marang wong
sing dikunjara, lan mulihaké pandelengé
para wong wuta; sarta ngluwari wong
sing ditindhes,
19 tuwin ngundhangaké bakal tekané
jaman keslametan peparingé Pangéran
marang umaté."
20 Sawisé Kitab mau ditutup lan
dibalèkaké marang wong sing mau
ngaturaké, Gusti Yésus nuli lenggah.
Wong kabèh sing ana ing sinagogé padha
mandeng Panjenengané.
21 Gusti Yésus nuli ngandika mengkéné:
"Ing dina iki, iya nalika kowé padha
ngrungokaké enggon-Ku maca ayat-
ayating Kitab Suci mau, isining tulisan
kuwi mau wis kelakon."
22 Wong-wong padha ngrungokaké
temenan pangandikané Gusti Yésus,
sarta padha kaéraman tumrap éndahing
piwulangé. Wong-wong mau nuli padha
muni: "Apa kuwi dudu anaké Yusuf?"
23 Gusti Yésus ngandika marang
wong-wong mau: "Kowé mesthi bakal
ngetrapaké paribasan iki marang
Aku: ‘Dhokter, warasna awakmu
dhéwé. Prekara-prekara sing dakrungu

koktindakaké ana ing kutha Kapèrnaum,
kuwi saiki tindakna ana ing kéné, ing
negara asalmu dhéwé.’"
24 Gusti Yésus banjur ngandika menèh:
"Ngandela, ora ana nabi siji waé sing
kajèn ana ing tanah asalé dhéwé.
25 Nanging kowé rak padha ngerti, dhèk
jamané Nabi Élia, nalika ora ana udan
telu setengah taun lawasé, nganti ana
pailan gedhé ing sanegara kabèh, ing
kono ana randha akèh ing tanah Israèl.
26 Éwasemono Gusti Allah ora ngutus
Nabi Élia lunga niliki randha mau salah
siji. Nanging Nabi Élia malah diutus
marani randha ing kutha Sarfat, ing
tanah Sidon.
27 Mengkono uga dhèk jamané Nabi
Élisa. Nalika semana akèh wong sing
padha lara kusta ana ing tanah Israèl,
éwasemono ora ana siji waé sing
diwarasaké, kejaba Naaman thok, wong
Siria."
28 Bareng krungu pangandikané Gusti
Yésus sing mengkono kuwi, wong
sasinagogé padha nepsu kabèh.
29 Wong-wong mau nuli padha ngadeg
lan nyèrèd Gusti Yésus menyang
sanjabané kutha, digawa menyang

puncaking gunung, sing didegi kutha
lan saka ing kono Panjenenganè arep
dicemplungakė ing jurang.
30 Nanging Gusti Yésus tindak nratas ing
tengahé wong-wong mau, nuli jengkar
saka ing kono.
31 Gusti Yésus nuli tindak menyang
kutha Kapèrnaum, ing tanah Galiléa.
Nalika mbeneri dina Sabbat,
Panjenenganė memulang ana ing
sinagogé.
32 Wong-wong padha gumun bab caranė
memulang mau, awit tembung-tembung
sing diucapaké kuwi gedhé banget
kawibawanė.
33 Ing sinagogé mau ana wong
sing kepanjingan dhemit. Wong mau
bengok-bengok:
34 "Gusti Yésus saking Nasarèt, kawula
badhé Panjenengan menapakaken?
Menapa Panjenengan badhé ngrisak
kawula? Kawula mangertos sinten
Panjenengan menika: Panjenengan
menika tiyang suci! Utusanipun Gusti
Allah!"
35 Dhemit mau tumuli disentak déning
Gusti Yésus: "Meneng. Metua saka wong
kuwi!" Dhemit nuli mbanting wong sing

diangslupi mau ing ngarepé wong akèh,
banjur metu tanpa gawé laranė wong
mau.
36 Wong kabèh padha éram, sarta
padha rerasanan: "Wah, hébat banget
piwulangé. Srana kawibawané lan
pangwasané, wong kuwi nundhungi
dhemit lan dhemit-dhemit mau iya
banjur padha metu temenan."
37 Kabar bab Gusti Yésus mau nuli
sumebar ing satanah kono kabèh.
38 Gusti Yésus tindak saka ing sinagogé
mau menyang omahé Simon. Ibuné
maratuwa Simon lagi lara panas lan ana
wong sing padha ngaturi pirsa bab kuwi
marang Gusti Yésus.
39 Panjenenganė nuli nyelaki peturoné
sing lara mau, banjur ngusir lelarané.
Wong mau dadi waras, nuli tangi sanalika
lan ngladèni para tamuné.
40 Bareng wis surup, wong kabèh sing
padha duwé sanak sedulur lara, padha
nyowanaké sing lara mau ing ngarsané
Gusti Yésus. Wong-wong lara mau
genti-genti padha ditumpangi astané,
temah padha mari.
41 Akèh wong kepanjingan sing
dhemité ditundhungi, banjur metu

karo jerit-jerit: "Kula sumerep, bilih
Panjenengan menika Putranipun Allah!"
Dhemit-dhemit mau didukani déning
Gusti Yésus, ora diparengaké muni sing
kaya mengkono, sebab dhemit-dhemit
kuwi padha ngerti, yèn Gusti Yésus kuwi
Sang Kristus.
42 Bareng srengéngé wis mlethèk,
Gusti Yésus nuli tindak saka ing kutha
kono menyang panggonan sing sepi.
Wong-wong banjur padha nggolèki.
Bareng wis ketemu nuli padha nyuwun
supaya Panjenengané aja jengkar saka
ing kono.
43 Nanging Gusti Yésus ngandika
marang wong-wong mau: "Kabar
kabungahan bab Kratoné Allah kuwi
kudu Dakwartakaké uga ing kutha-kutha
liyané, awit iya kuwi preluné enggon-Ku
diutus."
44 Panjenenganié iya banjur memulang
ana ing sinagogé-sinagogé ing tanah
Yudéa.
5 1 Ing sawijining dina nalika Gusti
Yésus lagi jumeneng ana ing gisiké
Tlaga Génésarèt, wong-wong padha
suk-sukan merga kepéngin ngrungokaké
pangandikané Gusti Allah.

2 Gusti Yésus mirsa ing gisik kono ana prau nelayan loro. Nelayané wis padha mudhun saka ing prau mau, lan lagi padha ngresiki jalané.
3 Gusti Yésus nuli minggah ing prauné Simon. Panjenenganė nuli ndhawuhi Simon nyurung prauné saka dharatan, banjur lenggah lan mulang wong akèh mau saka ing prau kono.
4 Sawusé rampung enggoné memulang, Gusti Yésus nuli ngandika marang Simon: "Praumu gawanen menyang panggonan sing jero lan jalamu tibakna ing kono, supaya olèh iwak."
5 Aturé Simon: "Guru, sampun sedalu muput enggèn kula sami nyambut-damel ngetog tenaga, nanging sami mboten angsal menapa-menapa! Nanging sarèhné Panjenengan ingkang dhawuh, kula inggih sami badhé ngèstokaken ndhawahaken jala malih."
6 Bareng jalané ditibakaké temenan, olèh iwak akèh banget, jalané nganti mèh bedhah.
7 Mulané banjur padha njaluk tulung kanca-kancané sing ana ing prau liyané. Kanca-kancané mau banjur énggal-énggal padha teka. Prau loro

mau nuli diisèni iwak nganti kebak,
nganti mèh kèrem.
8 Bareng Simon weruh lelakon
sing mengkono kuwi, banjur sujud
sumungkem ing ngarsané Gusti Yésus
karo matur: "Mugi kersa nebih saking
kawula, Gusti, jalaran kawula tiyang
dosa!"
9 Simon lan wong-wong kabèh sing
ana ing kono padha sumlengeren weruh
olèh-olèhané iwak sing semono akèhé.
10 Semono uga kanca-kancané Simon,
yakuwi Yakobus lan Yohanes, anak-anaké
Zébedéus. Gusti Yésus ngandika marang
Simon: "Aja wedi! Wiwit saiki kowé bakal
Dakdadèkaké tukang njala wong."
11 Sawisé prauné padha dipinggiraké,
Simon sakancané nuli padha ninggal
samubarang kabèh, sarta ndhèrèk Gusti
Yésus.
12 Kacarita, nalika Gusti Yésus ana
ing sawijining kutha, ana wong lanang
sing awaké sekojur kebak lelara kusta.
Nalika weruh Gusti Yésus, wong mau
nuli sujud sumungkem ing ngarsané
karo matur: "Gusti, menawi kersa, Gusti
saged nyarasaken kula!"

13 Gusti Yésus ngulungaké astané,
ndemèk wong mau karo ngandika: "Aku
kersa. Dadia waras!" Sanalika iku uga
lelarané kusta mari.
14 Gusti Yésus ora marengaké wong
mau nyritakaké lelakon kuwi marang
wong liya. Nuli ndhawuhi wong mau
supaya terus mriksakaké awaké mau
marang imam. Pangandikané: "Awakmu
priksakna marang imam, banjur saosa
kurban kaya sing didhawuhaké déning
Nabi Musa, kanggo mbuktèkaké marang
wong kabèh, yèn kowé wis mari
temenan."
15 Éwasemono kabar bab Gusti Yésus
kuwi saya sumebar tekan endi-endi lan
akèh wong sing banjur padha teka arep
ngrungokaké piwulangé lan nyuwun
diwarasaké lelarané.
16 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli tindak
menyang panggonan sing sepi, arep
ndedonga.
17 Sawijining dina, nalika Gusti Yésus
lagi memulang, ana wong Farisi lan
para ahli Torèt sawetara sing padha
mèlu lungguh ing kono. Wong-wong
mau tekané saka kutha-kutha ing tanah
Galiléa, Yudéa lan Yérusalèm. Gusti

Yésus kaparingan kwasané Pangéran
kanggo marasaké wong-wong sing
padha lara.
18 Nalika semana ana wong sawetara
padha teka nggotong wong lumpuh
ing peturoné, kasowanaké marang
Gusti Yésus. Wong-wong mau padha
mbudidaya bisané sing lumpuh kuwi
mlebu ing omah panggonané Gusti
Yésus memulang, sarta nyèlèhaké ana
ing ngarsané.
19 Nanging saka akèhé wong sing ana
ing kono, sing lumpuh mau ora bisa
digawa mlebu. Mulané banjur digotong
munggah ing payoning omah. Payon
mau nuli dibukak, lan sing lumpuh mau
diudhunaké sapeturoné ing satengahé
wong akèh sing ana ing kono, persis ana
ing ngarsané Gusti Yésus.
20 Pirsa gedhéning pengandelé wong
lumpuh sarta wong-wong sing padha
nggotong, Gusti Yésus banjur ngandika
marang wong sing lumpuh mau: "Sanak,
dosamu wis diapura."
21 Para ahli Torèt lan Farisi nuli
padha rerasanan: "Iki wong apa, déné
wani nyenyamah marang Gusti Allah.
Rak ora ana wong siji waé sing bisa

ngapura dosa, kejaba mung Gusti Allah
piyambak?"
22 Gusti Yésus pirsa isining atiné wong-
wong mau, mulané banjur ngandika:
"Yagéné kowé kokpadha duwé pikiran
mengkono?
23 Gampang endi muni: ‘Dosamu wis
diapura’, karo muni: ‘Tangia lan mlakua!’
24 Aku mung arep nuduhaké marang
kowé, yèn Putraning Manungsa kuwi
kwasa ngapura dosa ana ing bumi."
Gusti Yésus nuli ndhawuhi wong sing
lumpuh mau: "Aku dhawuh marang
kowé: Tangia, angkaten peturonmu, lan
muliha!"
25 Sanalika kuwi uga wong lumpuh mau
tangi lan ngadeg ing ngarepé wong akèh
mau, banjur ngangkat peturoné, lan
mulih karo memuji ngluhuraké asmané
Gusti Allah.
26 Wong akèh mau padha éram campur
wedi, nuli padha ngluhuraké asmané
Gusti Allah: "Ngédab-édabi temen
lelakon iki."
27 Sawisé kuwi Gusti Yésus banjur
miyos lan pirsa pegawé pajeg, sing
jenengé Lèwi, lagi lungguh ing kantoré.

Gusti Yésus ngandika marang wong
mau: "Mèlua Aku."
28 Lèwi banjur ngadeg sanalika lan
ninggal samubarang kabèh, ndhèrèk
Gusti Yésus.
29 Lèwi nuli nganakaké pésta ing omahé
kagem Gusti Yésus. Akèh pegawé
pajeg lan wong-wong liyané sing padha
bebarengan mangan ana ing pésta mau.
30 Wong Farisi lan para ahli Torèt
sawetara sing padha weruh kahanan
sing kaya mengkono kuwi, atiné padha
ora seneng. Nuli padha kandha karo
murid-muridé Gusti Yésus: "Yagéné
kowé padha mangan lan ngombé awor
pegawé pajeg lan wong-wong ala?"
31 Gusti Yésus ngandika: "Wong sing
waras ora mbutuhaké dhokter; sing
mbutuhaké dhokter kuwi mung wong
sing lara.
32 Teka-Ku ora prelu nimbali wong
sing sampurna, nanging wong sing
ngrumangsani dosané."
33 Ana wong sing padha nyuwun pirsa
marang Gusti Yésus: "Para muridipun
Nabi Yohanes asring sami siyam lan
ndedonga, mekaten ugi para muridipun
tiyang Farisi. Kénging menapa para

murid Panjenengan kokmboten sami
nindakaken mekaten?"
34 Pangandikané Gusti Yésus: "Apa ana
para tamu ing panggonané wong mantu
dikon pasa, mangka pengantèné lanang
isih ana ing tengahé para tamu mau?
Rak mesthi ora!
35 Nanging samangsa pengantèn lanang
kuwi dibedhol saka ing tengah-tengahé
para tamu mau, banjur lagi padha pasa."
36 Gusti Yésus uga banjur mulang
ngagem pasemon, mengkéné: "Ora
ana wong sing nggunting sandhangan
anyar kanggo nambal klambi sing wis
lawas. Yèn ta mengkono, wong mau
bakal mung ngrusak sandhangan sing
anyar mau, mangka suwèkan sing saka
sandhangan sing anyar mau iya ora
cocog karo klambi lawas, sing arep
ditambal mau.
37 Semono uga ora ana wong sing
madhahi anggur anyar ana ing impes
sing wis lawas. Awit yèn mengkono
anggur anyar mau bakal mbedhahaké
impes sing lawas mau. Anggguré bakal
wutah, tur impesé iya rusak.
38 Anggur sing anyar pancèn kudu
disimpen ana ing impes sing uga anyar.

39 Semono uga ora ana wong sing gelem
ngombé anggur anyar, sawisé ngombé
anggur sing lawas. Ujaré, anggur sing
lawas kuwi luwih énak."

6 1 Nalika pinuju dina Sabbat, Gusti
Yésus tindak ngliwati pategalan. Para
sekabat padha nyethuti wulèn gandum.
Wulèn mau dipusus[c] nganggo tangané,
isiné nuli dipangan.
2 Mulané ana wong Farisi sawetara
sing padha ngaruh-aruhi: "Yagéné kowé
kokpadha nindakaké prekara sing manut
prenataning agama ora kena ditindakaké
ing dina Sabbat?"
3 Gusti Yésus ngandika: "Apa kowé
padha ora tau maca sing ditindakaké
déning Sénapati Dawud lan wong sing
padha ndhèrèkaké, nalika lagi padha
keluwèn?
4 Sénapati Dawud mlebu ing
Pedalemané Allah, mundhut roti
saosan, sing kagem Gusti Allah, nuli
didhahar. Sawisé kuwi roti mau uga
diparingaké marang para wong sing
padha ndhèrèkaké. Mangka manut
prenataning agama kita, rak mung para

---

[c]dipusus: dipun remet.

imam waé sing olèh mangan roti saosan
mau? Wong liya rak ora kena?"
5 Gusti Yésus banjur ngandika: "Putrané
Manungsa kuwi sing kagungan dina
Sabbat."
6 Pinuju ing dina Sabbat liyané Gusti
Yésus memulang ana ing sinagogé. Ing
kono ana wong sing tangané tengen
céko.
7 Para ahli Torèt lan wong Farisi
padha ngulataké apa Gusti Yésus bakal
marasaké wong lara mau ing dina
Sabbat, apa ora. Sebab wong-wong mau
padha nggolèki kaluputané, arep dianggo
dhadhakan nggugat Panjenengané.
8 Nanging Gusti Yésus pirsa karepé
wong-wong mau, mulané ngandika
marang wong sing tangané céko mau:
"Mrénéa, ngadega ana ing ngarep kéné!"
Wong mau nuli menyat lan ngadeg ana
ing ngarsané.
9 Gusti Yésus nuli ngandika marang para
ahli Torèt lan wong Farisi mau: "Aku arep
takon: Apa sing didhawuhaké déning
prenatané agama marang kita ana ing
dina Sabbat? Gawé becik, apa gawé ala?
Mitulungi apa ngrusak nyawa?"

10 Sawisé mirsani marang wong-wong mau, Gusti Yésus banjur ngandika marang wong sing céko: "Tanganmu athungna!" Sing didhawuhi iya nuli nindakaké mengkono. Tangané banjur waras, pulih kaya liyané.
11 Para imam lan wong Farisi padha nepsu banget, nuli padha rembugan bab apa sing bakal ditindakaké marang Gusti Yésus.
12 Nalika semana Gusti Yésus minggah ing gunung prelu ndedonga. Enggoné ndedonga nganti sawengi natas.
13 Bareng wis raina Gusti Yésus nimbali para muridé supaya marek. Panjenengané nuli milih wong rolas, sing padha disebut rasul.
14 Yakuwi: Simon (sing diparabi déning Gusti Yésus ‘Pétrus’) lan Andréas, seduluré. Yakobus lan Yohanes, Filipus lan Bartoloméus,
15 Matius lan Tomas, Yakobus anaké Alféus, lan Simon (sing karan wong kendel),
16 Yudas anaké Yakobus lan Yudas Iskariot, sing ing tembé ngulungaké Gusti Yésus.

17 Gusti Yésus nuli tedhak saka ing
gunung kadhèrèkaké déning rasul rolas.
Panjenengané kèndel jumeneng ana ing
panggonan kang rata. Akèh wong sing
padha nglumpuk ana ing kono, kejaba
para murid, iya wong-wong liyané, sing
padha teka saka ing satanah Yudéa,
kutha Yérusalèm lan kutha-kutha Tirus
lan Sidon, lan tanah sauruté pesisir.
18 Enggoné padha mrono kuwi merga
kepéngin ngrungokaké piwulangé Gusti
Yésus, lan supaya padha kawarasaké
lelarané. Uga wong sing padha
kesurupan dhemit padha ditundhung
dhemité.
19 Wong kabèh mau padha ngudi supaya
bisa ndemèk Gusti Yésus, awit ana daya
sing metu saka sariranè, sing marasaké
wong-wong mau.
20 Gusti Yésus mirsani para muridé
sarta ngandika: "Begja kowé wong sing
padha mlarat; kowé kuwi umat sing
duwé wewenang ana ing Kratoning Allah!
21 Begja kowé sing saiki padha keluwèn;
kowé bakal padha diwaregi! Begja kowé
sing saiki padha nangis; kowé bakal
padha gumuyu.

22 Begja kowé menawa merga saka
Putraning Manungsa, padha disengiti ing
wong, disingkang-singkang, dicecamah,
sarta diala-ala!
23 Yèn pinuju ngalami mengkono
kowé padha bungah-bungaha lan
giyak-giyaka, awit kowé bakal olèh
ganjaran gedhé ana ing swarga. Para
nabi dhèk jaman biyèn rak iya padha
digawé mengkono déning para leluhuré
wong-wong mau.
24 Nanging cilaka kowé, wong sing saiki
padha sugih; awit saiki kowé wis padha
ngrasakaké kanikmataning donya.
25 Cilaka kowé sing saiki padha wareg;
awit kowé bakal keluwèn! Cilaka kowé
sing saiki padha gumuyu; awit kowé
bakal padha sedhih lan nangis!
26 Cilaka kowé menawa wong kabèh
padha ngalem marang kowé; awit iya
kaya mengkono kuwi penggawéné para
leluhuré wong-wong mau marang para
nabi palsu."
27 "Nanging kowé sing padha
ngrungokaké piwulang-Ku iki
Dakkandhani: Padha tresnaa marang
mungsuhmu; gawéa becik marang wong
sing padha sengit marang kowé.

28 Wong sing nyupatani kowé, padha
suwunna berkah. Wong sing sewenang-
wenang marang kowé, padha dongakna
slamet.
29 Wong sing napuk pipimu sing siji,
ulungna pipimu sing sijiné. Wong sing
ngrebut jasmu, wènèhana keméjamu
pisan.
30 Wong sing njaluk apa-apa marang
kowé, wènèhana. Lan yèn ana wong
sing ngrebut barangmu, barang mau aja
kokjaluk bali.
31 Apa sing kokkarepaké supaya
ditindakaké déning wong liya marang
kowé, kuwi tindakna marang wong liya.
32 Yèn kowé mung nresnani wong sing
padha tresna marang kowé, yagéné
kowé kokngarep-arep opah? Wong dosa
rak iya padha males tresna marang wong
sing nresnani dhèwèké?
33 Lan menèh menawa kowé padha
gawé becik marang wong sing mbeciki
kowé, généya kowé ngarep-arep
ganjaran? Wong dosa rak iya padha
tumindak mengkono?
34 Mengkono menèh yèn kowé mung
ngutangi marang wong, sing bisa
nyaur, généa kowé kepéngin olèh

pituwas? Wong dosa kuwi rak iya padha
motangaké marang wong dosa, supaya
nampa bali apa sing diutangaké mau!
35 Nanging kowé aja mengkono, padha
nresnanana satrumu. Satrumu padha
becikana lan padha utangana, tanpa
mikir utang mau bakal disaur apa ora.
Yèn mengkono gedhé ganjaranmu, lan
kowé bakal padha dadi putrané Allah
sing Mahaluhur. Awit Gusti Allah kuwi
nindakaké kabecikan marang wong sing
padha ora ngerti dibeciki lan marang
wong-wong ala.
36 Mulané kowé padha duwéa ati
welasan kaya déné Ramamu sing sipat
Mahawelas."
37 "Aja padha netepaké alaning wong,
supaya Gusti Allah iya ora netepaké
alamu. Aja padha ngadili wong liya,
temah kowé dhéwé iya ora diadili déning
Gusti Allah. Padha ngapuraa, temah
kowé dhéwé iya bakal diapura.
38 Padha wèwèha, temah kowé iya
bakal diparingi déning Gusti Allah. Kowé
bakal nampani peparing sing lubèr,
sing ditaker nganggo ditetel-tetel. Awit
takeran sing kokenggo nakeraké wong

liya, kuwi takeran sing diagem déning
Gusti Allah kanggo nakeraké kowé."
39 Sawisé mengkono, Gusti Yésus
banjur paring pasemon mengkéné:
"Wong picak apa bisa nuntun wong
picak? Apa loro-loroné ora padha
kacemplung ing kalèn?
40 Ora ana murid sing ngungkuli guruné.
Nanging murid sing wis tamat pasinaoné,
kuwi bakal padha karo guruné.
41 Yagéné kowé weruh tatal sing ana
ing mripaté sedulurmu, mangka balok
sing ana ing mripatmu dhéwé kowé ora
weruh?
42 Kepriyé bisamu kandha marang
sedulurmu: 'Sedulur! Tatal sing ana ing
mripatmu kuwi dakilangané', mangka
balok sing ana ing mripatmu dhéwé
kowé ora weruh? Kowé dhasar wong
lamis. Balok sing ana ing mripatmu kuwi
ilangana dhisik, temah kowé bakal bisa
ndeleng klawan cetha lan bisa ngilangi
tatal sing ana ing mripaté sedulurmu."
43 "Awit ora ana wit becik sing metokaké
woh sing ala. Mengkono uga ora ana wit
ala sing metokaké woh sing becik.
44 Sebab saben wit kuwi ketitik saka
wohé. Ora ana woh ara dipethik saka

rerungkudan, lan ora ana woh anggur dipethik saka thethukulan eri.

45 Wong becik kuwi metokaké saka simpenané atiné sing becik, déné wong ala metokaké saka simpenané atiné sing ala. Awit apa sing diucapaké wong kuwi asalé saka bludaging atiné."

46 "Yagéné kowé nyebut Aku: ‘Gusti, Gusti!’ mangka kowé ora padha nglakoni piwulang-Ku?

47 Saben wong sing marani Aku lan ngrungokaké sarta nindakaké pitutur-Ku, kuwi arep Dakupamakaké apa? Kowé Dakkandhani:

48 Kuwi padhané kaya wong sing ngedegaké omah. Wong mau ngedhuk kalènan jero, lan pondhasiné omah dipasang ana ing lemah padhas. Bareng ana banjir lan banyuné lubèr nrajang omah mau, omah kuwi ora bisa rubuh, merga ngadeg ing padhasan.

49 Nanging wong sing ngrungokaké piwulang-Ku, mangka ora dilakoni, kuwi padhané wong sing ngedegaké omah tanpa dhasar. Bareng ana banjir nrejang omah mau, omahé rubuh, lan rusak banget."

7 [1] Bareng wis rampung enggoné
ngandika marang wong akèh,
Gusti Yésus banjur mlebet ing kutha
Kapèrnaum.
[2] Ing kono ana perwira tentara Rum
duwé abdi, sing ditresnani banget. Abdi
mau lara banget, wis mèh mati.
[3] Bareng krungu bab Gusti Yésus,
perwira mau nuli akon marang
pengareping wong Yahudi sawetara,
ngaturi Gusti Yésus, supaya kersa rawuh
marasaké abdiné sing lara mau ana ing
omahé.
[4] Wong-wong sing padha didhawuhi,
sawisé ketemu Gusti Yésus, banjur
nyuwun kanthi adreng, supaya kersa
rawuh lan paring pitulungan marang
perwira mau. Aturé: "Perwira menika
pantes Panjenengan paringi pitulungan,
[5] awit tiyang menika tresna dhateng
bangsa kita, malah sampun ngedegaken
sinagogé kanggé kula sedaya."
[6] Gusti Yésus nuli tedhak bebarengan
karo wong-wong mau menyang omahé
perwira Rum kuwi. Nalika tindaké
wis cedhak karo omahé, wong mau
akon kanca-kancané methukaké Gusti
Yésus karo matur: "Guru, mboten prelu

répot-répot tindak dhateng griya kawula. Kawula mboten pantes Panjenengan rawuhi.
7 Kawula piyambak inggih rumaos mboten pantes sowan dhateng ngarsa Panjenengan. Pramila prayogi menawi Panjenengan kersa ngandika sakecap kémawon, mangké réncang kawula temtu lajeng saras.
8 Awit kawula piyambak inggih kedah tundhuk dhateng pengageng kawula. Lan sangandhap kawula inggih wonten prejurit-prejurit ingkang kedah tundhuk dhateng préntah kawula. Menawi kawula akèn dhateng ingkang setunggal: ‘Lungaa’, piyambakipun inggih késah. Menawi kawula akèn dhateng sanèsipun: ‘Mrénéa’, piyambakipun inggih dhateng; utawi menawi kawula akèn dhateng réncang kawula: ‘Iki lakonana’, piyambakipun inggih nglampahi."
9 Bareng mireng aturé perwira mau, Gusti Yésus gumun banget. Panjenengané nuli mirsani wong akèh sing padha ndhèrèkaké sarta ngandika: "Aku durung tau tumon pengandel sing semono gedhéné, senajan ing antarané wong Israèl pisan."

10 Nalika wong-wong sing padha diutus
déning perwira Rum mau bali tekan
omahé menèh, abdi sing lara mau
ketemu wis waras.
11 Ora let suwé Gusti Yésus tindak
menyang kutha Nain. Para sekabaté
padha ndhèrèkaké, lan wong akèh iya
padha gumrudug ngetutaké.
12 Bareng tindaké Gusti Yésus wis
mèh tekan sekèthèngé kutha, ana
layon lagi dipikul metu saka sekèthèng
mau. Sing mati kuwi nom-noman, anak
ontang-anting. Embokné wis randha.
Akèh wong sakutha kono sing padha
mèlu ngiringaké layoné bebarengan karo
randha sing kepatèn mau.
13 Gusti Yésus trenyuh penggalihé,
merga saka welasé, nuli ngandika: "Aja
nangis, bu!"
14 Gusti Yésus nyelaki bandhosané
lan didemèk. Wong-wong sing padha
ngusung bandhosa mau nuli mandheg.
Gusti Yésus banjur ngandika: "Nggèr,
Aku dhawuh marang kowé: ‘Tangia!’"
15 Nom-noman sing wis mati mau
nuli njenggèlèk, lungguh, sarta
caturan. Gusti Yésus banjur masrahaké
nom-noman mau marang embokné.

16 Wong kabèh padha wedi, lan banjur
ngluhuraké Gusti Allah, tembungé: "Ana
nabi gedhé jumeneng ing antara kita!
Gusti Allah wis rawuh arep nylametaké
umaté!"
17 Kabar bab Gusti Yésus kuwi
sumebar sanegara Yahudi kabèh lan ing
sakiwa-tengené.
18 Nalika Yohanes Pembaptis mireng
kabar bab Gusti Yésus mau saka para
sekabaté, nuli nimbali sekabaté loro,
19 diutus sowan Gusti Yésus, didhawuhi
matur: "Menapa Panjenengan menika
Sang Kristus ingkang sampun kaweca
badhé rawuh, menapa kawula kedah
ngentosi tiyang sanèsipun?"
20 Sekabat loro mau nuli padha sowan
marang Gusti Yésus, sarta matur:
"Nabi Yohanes Pembaptis ngutus
kawula kekalih nyuwun pirsa dhateng
Panjenengan, menapa Panjenengan
menika Sang Kristus, ingkang sampun
kaweca badhé rawuh, menapa kawula
sami kedah ngentosi tiyang sanèsipun?"
21 Nalika semana Gusti Yésus lagi
marasaké wong akèh sing padha lara;
dhemit-dhemit ditundhungi, lan wong
wuta diwarasaké nganti bisa ndeleng.

22 Gusti Yésus nuli ngandika mengkéné:
"Balia, Nabi Yohanes aturana pirsa apa
sing kokdeleng lan kokrungu, matura
yèn wong wuta padha bisa ndeleng,
wong lumpuh bisa mlaku, wong lara
kusta padha waras, wong budheg bisa
ngrungu, wong mati ditangèkaké, lan
Injil diwartakaké marang wong miskin.
23 Begja wong sing atiné ora mangu-
mangu karo Aku!"
24 Sawisé para utusané Nabi Yohanes
Pembaptis mau padha mulih, Gusti Yésus
nuli ngandikakaké bab Nabi Yohanes
marang wong akèh mengkéné: "Yèn
kowé padha marani Nabi Yohanes ana
ing ara-ara samun, sejatiné apa sing
kokdeleng ana ing kana? Apa glagah
sing kanginan?
25 Apa sing arep koksawang? Apa wong
sing nganggo sandhangan mentèrèng?
Wong-wong sing sandhangané
mentèrèng, lan wong sing uripé méwah
kuwi manggoné ana ing kraton!
26 Coba kandhaa, kowé padha lunga
menyang ara-ara samun mau arep apa?
Apa arep ndeleng nabi? Ya bener. Malah
ngungkuli nabi.

27 Awit Nabi Yohanes kuwi utusan, sing
tekané wis kaweca ana ing Kitab Suci,
mengkéné: ‘Pangandikané Gusti Allah:
Iki utusan-Ku, sing Dakutus ndhisiki
laku-Mu supaya nyawisaké dalan sing
bakal Kokambah.’"
28 Sabanjuré Gusti Yésus ngandika:
"Tembung-Ku iki gatèkna: Yèn saka
antarané wong kabèh sing urip ana
ing donya iki, ora ana wong siji waé
sing luwih unggul ketimbang karo Nabi
Yohanes Pembaptis. Éwasemono sing
cilik dhéwé drajaté ana ing Kratoné Gusti
Allah, kuwi luwih luhur ketimbang karo
Nabi Yohanes."
29 Wong akèh, klebu uga para pegawé
pajeg, padha krungu pangandikané Gusti
Yésus mau. Wong-wong kuwi wis padha
mratobat, sarta padha njaluk dibaptis
déning Nabi Yohanes.
30 Nanging wong-wong Farisi lan para
ahli Torèt padha nampik kersané Gusti
Allah tumrap dhèwèké. Mulané padha
ora gelem dibaptis déning Nabi Yohanes.
31 Gusti Yésus nuli ngandika menèh:
"Wong-wong golongan iki arep
Dakupamakaké lan kena dipadhakaké
karo sapa?

32 Wong-wong kuwi kaya bocah-bocah
sing padha dolanan ana ing pasar;
sing sakrompol kandha karo liyané:
‘Aku nglagokaké lagu pengantèn, kowé
kokora padha njogèd! Wis dakkidungaké
lagu pelayatan, kokpadha ora nangis!’
33 Nabi Yohanes Pembaptis rawuh —
panjenenganè siyam lan ora ngunjuk
anggur — kokunèkaké: ‘Kuwi wong
kepanjingan dhemit!’
34 Putrané Manungsa rawuh —
Panjenenganè dhahar lan ngunjuk —
kokunèkaké: ‘Delengen, wong nggragas,
wong sing seneng ndem-ndeman,
kancané pegawé pajeg lan wong ala!’
35 Senajan mengkono, sing bener kuwi
kawicaksanané Gusti Allah, lan diakoni
déning wong-wong sing padha nampani
kawicaksanané mau."
36 Ana wong Farisi, jenengé Simon,
ngaturi dhahar Gusti Yésus ana ing
omahé. Gusti Yésus nuli rawuh ing omah
mau lan lenggah dhahar.
37 Ing kutha kono ana wong wadon tuna
susila. Bareng krungu yèn Gusti Yésus
lagi dhahar ana ing omahé wong Farisi,
wong wadon mau teka mrono nggawa
botol isi lenga wangi.

38 Wong wadon mau ngadeg ana ing
mburiné Gusti Yésus cedhak sampéyané
karo nangis, luhé dlèwèran, tumètès
nelesi sampéyané mau, kang nuli
diusapi nganggo rambuté, diambungi lan
dilengani nganggo lenga wanginé.
39 Simon, wong Farisi, sing ngaturi
dhahar Gusti Yésus weruh apa sing
ditindakaké déning wong wadon kuwi.
Wong Farisi mau mosik ing atiné: "Yèn
Yésus kuwi nabi temenan, mesthi iya
pirsa, yèn wong wadon sing ndemèk
sampéyané kuwi wong tuna susila."
40 Mulané Gusti Yésus nuli ngandika
marang Simon: "Simon, Aku arep omong
sethithik karo kowé." Wangsulané
Simon: "Mangga Guru, kawula aturi
ngandikakaken."
41 Gusti Yésus nuli ngandika: "Ana wong
loro sing padha duwé utang marang
tukang motangaké. Sing siji utangé
limang atus dinar, sijiné sèket dinar.
42 Wong loro mau padha-padha ora
bisa nyaur utangé. Mulané wong sing
motangaké nuli nglilakaké utangé wong
loro mau. Saiki Aku takon: ‘Ing antarané
wong loro mau, endi sing luwih gedhé

tresnané marang wong sing motangaké mau?’"
43 "Kawula kinten inggih tiyang ingkang sambutanipun langkung kathah wau!," mengkono wangsulané Simon. Pangandikané Gusti Yésus: "Bener!"
44 Gusti Yésus nuli mirsani wong wadon mau, banjur ngandika menèh marang Simon: "Kowé rak weruh wong wadon iki? Nalika Aku mlebu omahmu, kowé ora nyawisi banyu kanggo wisuh sikil. Nanging wong wadon iki wis nelesi sikil-Ku srana luhé, banjur diusapi nganggo rambuté.
45 Nalika Aku mlebu ing omahmu, Aku ora kokambung, nanging wong wadon iki ngambungi sikil-Ku marambah-rambah, wiwit Aku teka ana ing kéné.
46 Kowé ora nglengani rambut-Ku, nanging wong wadon iki wis nglengani sikil-Ku nganggo lenga wangi.
47 Ngertia: Saka katresnané wong iki, sing semono gedhéné, ketitik sepira aboting dosané sing wis diapura déning Gusti Allah. Wong sing nampani pangapura mung sethithik, katresnané iya sethithik."

48 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong wadon mau: "Dosa-dosamu wis
diapura."
49 Wong akèh sing padha bebarengan
mangan karo Gusti Yésus nuli padha
rerasanan: "Wong kuwi sapa, kokwani-
wani ngapura dosané manungsa?"
50 Nanging Gusti Yésus ngandika
marang wong wadon mau:
"Pengandelmu sing mitulungi kowé. Wis
lungaa kanthi slamet."

8 1 Ora wetara suwé Gusti Yésus
tindak mider-mider, ndlajahi
kutha-kutha lan désa-désa. Ana ing
kono Panjenenganė memulang bab
Injil, yakuwi pawarta kabungahan sing
magepokan karo Kratoné Gusti Allah,
sing wiwit ditindakaké. Rasul-rasul rolas
padha ndhèrèkaké tindaké Gusti Yésus.
2 Semono uga ana wong wadon
sawetara, sing wis diwarasaké déning
Gusti Yésus saka enggoné kesurupan
dhemit utawa lelara liyané. Wong-wong
wadon mau yakuwi Maryam, sing karan
Magdaléna, sing wis ditundhung dhemité
pitu.
3 Banjur Yohana, bojoné Khusa, pegawé
ing kratoné Sang Prabu Hérodès; Susana

lan wong wadon akèh menèh. Para wong
wadon mau padha ngladèni Gusti Yésus
lan wong-wong sing padha ndhèrèk
Panjenenganè. Déné ragadé peladosan
kabèh padha disangga dhéwé déning
wong-wong wadon mau.
4 Wong akèh saka endi-endi ora
kendhat-kendhat padha teka, sowan
Gusti Yésus. Nalika wis akèh sing padha
nglumpuk, Gusti Yésus nuli mulang
nganggo pasemon, mengkéné:
5 "Ana wong nyebar wiji. Nalika lagi
nyawuraké wiji mau ana ing pategalané,
ana wiji sawetara sing tiba ana ing dalan.
Wiji mau nuli ana sing kepidak-pidak
déning wong liwat, lan ana sing dicucuki
manuk.
6 Uga ana wiji sawetara sing tiba ana
ing lemah padhas. Bareng wiji mau wiwit
thukul, nuli mati, jalaran lemahé garing.
7 Ana wiji sawetara liyané sing tiba ana
ing grumbul eri. Bareng wiji mau thukul,
nuli kelindhih déning grumbul mau,
temah mati.
8 Nanging uga ana wiji sawetara sing
tiba ana ing lemah loh. Wiji mau thukul
lan metokaké woh, wiji siji metokaké
woh tikel satus." Gusti Yésus mungkasi

piwulangé srana ngandika: "Sapa sing
duwé kuping, padha ngrungokna!"
9 Para sekabat nuli padha nyuwun pirsa
marang Gusti Yésus bab tegesé pasemon
mau.
10 Pangandikané: "Wewadiné Kratoné
Allah kuwi mung diblakakaké marang
kowé. Déné wong-wong liya mung
Dakwulang srana pasemon, supaya
senajan padha ndeleng, ora weruh, lan
senajan padha krungu ora ngerti."
11 Pangandikané Gusti Yésus: "Maknané
pasemon bab wong nyebar wiji kuwi
mengkéné: Wiji kuwi pangandikané
Allah.
12 Wiji sing tiba ana ing dalan, kuwi
wong sing padha krungu pangandikané
Allah. Nanging Iblis nuli teka mbusek
pangandika mau saka ing atiné, nganti
wong mau ora precaya sarta ora
dislametaké.
13 Déné wiji sing tiba ing lemah padhas
kuwi wong sing krungu pangandikané
Allah lan nampani pangandika mau
klawan bungah. Nanging pangandika
mau ora dirasakaké kanthi temenan.
Olèhé precaya mung sedhéla. Bareng

ana godha teka, wong mau ora tahan
banjur ninggalaké kaprecayané.
14 Déné wiji sing tiba ana ing antarané
thethukulan eri, kuwi wong sing
ngrungokaké pangandikané Allah,
nanging bareng thukul, pangandika
mau kelindhih déning rasa sumelang,
kasugihan lan kanikmataning donya,
nganti pangandika mau ora rumesep
ing ati lan ora metokaké precaya kang
mantep.
15 Déné wiji sing tiba ana ing lemah
loh, kuwi wong sing ngrungokaké
pangandikané Allah lan tansah ngrasak-
ngrasakaké pangandika mau klawan
temenan lan mbangun-turut. Wekasané
pangandika mau metokaké precaya sing
mantep ana ing atiné wong mau."
16 "Ora ana wong sing nyumed diyan,
nuli ditutupi panci utawa didokokaké
ing longan. Kosokbaliné, diyan sing wis
disumed bakal ditumpangaké ana ing
ajug-ajug, supaya saben wong sing ana
ing jero omah kepadhangan.
17 Sebab prekara sing disidhem
bakal diumumaké, lan barang sing
ditutup-tutupi bakal konangan lan
diwartak-wartakaké.

18 Awit saka kuwi, padha nggatèkna
kandha-Ku: Sapa sing wis duwé, bakal
ditambahi, nanging sing sapa ora duwé
apa-apa, wong mau bakal dipundhuti
apa sing dikira diduwèni."
19 Nalika semana Gusti Yésus dipurugi
déning ibu lan sedhèrèk-sedhèrèké;
nanging padha ora bisa ketemu karo
Panjenengané merga saka akèhé wong.
20 Nuli ana wong sing ngaturi pirsa
marang Gusti Yésus: "Ibu lan sedhèrèk-
sedhèrèk Panjenengan wonten ing njawi,
badhé kepanggih kaliyan Panjenengan."
21 Nanging Gusti Yésus ngandika:
"Ibu-Ku lan sedulur-sedulur-Ku yakuwi
sakèhing wong sing padha ngrungokaké
lan ngèstokaké pangandikané Allah."
22 Sawijining dina Gusti Yésus lan
para sekabaté nitih prau. Gusti Yésus
ngandika marang para sekabat mau:
"Ayo padha nyabrang mrana." Prauné
tumuli mangkat.
23 Nalika lagi padha lelayaran mau,
Gusti Yésus saré. Dumadakan ing tlaga
ana prahara gedhé. Prauné kelebon
banyu nganti nguwatiraké banget.
24 Para sekabat nuli padha marani Gusti
Yésus. Panjenengané diwungu, aturé:

"Gusti, Gusti, kawula sami ketiwasan!" Gusti Yésus nuli wungu. Angin lan ombak mau didhawuhi supaya lerem kabèh.
25 Gusti Yésus nuli ngandika marang para sekabaté: "Pengandelmu ana ing ngendi?" Para sekabat mau padha wedi lan gumun banget, sarta padha rerasanan: "Wong iki sapa ta, déné nganti angin lan ombak padha ngèstokaké dhawuhé?"
26 Gusti Yésus lan para sekabat nerusaké enggoné lelayaran nganti tekan tanah Gerasa, ing sisih wétané Tlaga Galiléa.
27 Bareng Gusti Yésus wis tekan dharatan, ana wong lanang kepanjingan dhemit marani Panjenengané. Wong mau tekané saka ing kutha, wis suwé ora nganggo sandhangan lan ora manggon ana ing omah. Manggoné ana ing guwa-guwa, ing kuburan.
28 Nalika wong mau weruh Gusti Yésus, banjur mbengok lan sujud ana ing ngarsané, aturé: "Yésus, Putranipun Allah ingkang Mahaluhur! Wonten urusan menapa Panjenengan kaliyan kula? Kula nyuwun kanthi sanget, sampun ngantos nyiksa kula!"

29 Wong mau matur mengkono, merga
dhemité wis didhawuhi metu déning
Gusti Yésus. Dhemit mau kerep masésa
wong mau, nganti senajan ana ing
kunjara wis diranté, éwasemono bisa
mbedhat lan déning dhemité digawa
menyang ara-ara samun.
30 Gusti Yésus ndangu marang wong
mau: "Jenengmu sapa?" Wangsulané
sing didangu: "Nama kula Legiun," awit
dhemit sing ngrasuk wong mau akèh
banget.
31 Dhemit-dhemit mau nyuwun kanthi
banget marang Gusti Yésus, supaya aja
ditundhung mlebu ing juranging pati.
32 Ing sacedhaké kono ana babi akèh
banget, sing lagi padha golèk pangan
ana ing èrèng-èrènging gunung. Dhemit-
dhemit mau padha nyuwun marang
Gusti Yésus, supaya diparengaké mlebu
ana ing babi-babi kuwi. Panyuwun mau
diparengaké.
33 Dhemit-dhemit mau nuli metu saka
wong sing kepanjingan, angslup ing
babi-babi. Sanalika babi-babi mau nuli
njegur ing tlaga saka pinggiring jurang
kono, temahan padha mati kleleb.

34 Para pangoné bareng weruh lelakon
kuwi, nuli padha mlayu menyang kutha
lan nyritakaké lelakon mau marang
wong-wong ing kutha lan ing désa-désa
sakiwa-tengené.
35 Wong-wong sing padha krungu nuli
padha metu arep ndeleng kedadéan
mau. Banjur padha marani Gusti Yésus,
lan ing kono padha weruh wong sing
tilas kepanjingan dhemit. Wong mau lagi
lungguh ana ing sandhingé sampéyané
Gusti Yésus; wis nganggo sandhangan
lan pikirané wis waras. Wong kabèh
sing padha teka saka kutha mau temah
padha wedi.
36 Wong-wong liyané sing padha
weruh dhéwé, nuli padha nyritakaké
bab enggoné Gusti Yésus nundhung
dhemit-dhemit sing ngangslupi wong
mau.
37 Wasana kabèh wong ing tanah Gerasa
kono nyuwun kanthi banget marang
Gusti Yésus, supaya Panjenengané kersa
tindak saka panggonan kono, awit wong
kabèh mau padha wedi banget. Mulané
Gusti Yésus iya nuli nitih prau, banjur
kondur.

38 Wong sing tilas kepanjingan dhemit
mau nyuwun kanthi banget marang
Gusti Yésus, arep ndhèrèk, nanging
Gusti Yésus ora marengaké.
39 Pangandikané: "Kowé balia menyang
désamu lan critakna marang wong-wong
ing kana apa sing wis ditindakaké déning
Gusti Allah marang kowé." Wong mau
nuli lunga lan ndlajahi kutha-kutha
kabèh, karo nyritakaké apa sing wis
ditindakaké déning Gusti Yésus marang
dhèwèké.
40 Sakonduré saka tanah Gerasa, Gusti
Yésus dipethukaké wong akèh klawan
bungah, jalaran pancèn sing diarep-arep.
41 Ing kono ana wong sowan ing
ngarsané, jenengé Yairus. Yairus kuwi
kepalané sinagogé ing panggonan kono,
sujud ing ngarsané Gusti Yésus lan
nyuwun kanthi banget supaya Gusti
Yésus kersa rawuh ing omahé,
42 awit anaké wadon ontang-anting,
sing umur rolas taun, lara banget,
mèh mati. Gusti Yésus nuli tedhak
menyang omahé Yairus. Saka akèhé
wong sing padha ndhèrèkaké tindaké,
sariranÉ nganti kedhesek-dhesek saka
kiwa-tengen.

43 Ing kono ana wong wadon sing wis
rolas taun lawasé lara nggrajag getih.
Bandhané nganti entèk kanggo mbayar
dhukun, éwasemono larané ora mari.
44 Wong wadon mau ndhesek nganti
bisa nyedhaki Gusti Yésus saka mburi lan
ndemèk gombyoking jubahé. Sanalika
iku uga enggoné nggrajag getih mampet.
45 Gusti Yésus ngandika: "Sapa
sing ndemèk Aku?" Sarèhné ora ana
sing ngaku, Pétrus banjur matur:
"Semanten kathahipun tiyang ingkang
sami ngesuk-esuk Panjenengan, kok
Panjenengan ndangu, sinten ingkang
ndemèk Panjenengan?"
46 Nanging Gusti Yésus ngandika: "Ana
wong sing ndemèk Aku. Aku krasa,
jalaran ana daya sing metu saka ing
Aku."
47 Bareng wong wadon mau ngerti yèn
konangan, sumungkem ing ngarsané
Gusti Yésus. Ing ngarepé wong akèh,
wong wadon mau nyritakaké enggoné
wis ndemèk jubahé Gusti Yésus lan dadi
waras sanalika.
48 Pangandikané Gusti Yésus: "Nggèr,
precayamu sing marasaké kowé. Lungaa
kanthi slamet."

49 Nalika Gusti Yésus isih ngandika, ana
kongkonan saka omahé Yairus, kepala
sinagogé, matur: "Bapak mboten sisah
damel ribedipun Guru, sebab ingkang
putra sampun tilar-donya."
50 Gusti Yésus mireng apa sing
dikandhakaké déning kongkonan mau,
mulané banjur ngandika marang Yairus:
"Aja kuwatir, ngandela waé, anakmu
bakal mari."
51 Sarawuhé ing omahé Yairus, Gusti
Yésus ora marengaké wong ndhèrèk
mlebu, kejaba Pétrus, Yohanes lan
Yakobus, sarta bapak lan ibuné bocah
sing lara mau.
52 Wong kabèh lagi padha sedhih lan
nangisi sing mati. Gusti Yésus ngandika:
"Aja padha nangis. Bocahé ora mati,
mung turu!"
53 Wong kabèh padha nggeguyu, merga
padha ngerti, yèn bocahé pancèn wis
mati temenan.
54 Gusti Yésus banjur ngasta tangané
bocah sing mati mau karo ngandika
klawan swara seru: "Nggèr, tangia!"
55 Nyawané bocah mau sanalika pulih.
Bocahé nuli tangi. Gusti Yésus dhawuh
supaya bocah mau diwènèhi mangan.

56 Wong tuwané bocah kaéraman
banget. Nanging Gusti Yésus ora
marengaké lelakon kuwi diwartak-
wartakaké marang wong akèh.

9 1 Gusti Yésus nimbali rasulé rolas,
nuli diparingi kasektèn lan pangwasa
nundhungi dhemit lan marasaké lelara.
2 Semono uga para rasul mau diutus
nggiyaraké bab Kratoné Allah lan
marasaké wong lara.
3 Pangandikané: "Aja padha sangu
apa-apa ana ing dalan. Aja nggawa
teken utawa kanthong kanggo nampani
sedhekah, pangan, apa dhuwit; utawa
sandhangan rangkep.
4 Menawa kowé wis ditampa ana
sawijining omah, kowé tetepa ana ing
kono, nganti kowé lunga saka ing kutha
mau.
5 Déné menawa ana wong sing ora
gelem nampa kowé, metua saka ing
kutha kono, lan ketabna lebu sing ana
ing sikilmu, supaya dadi piwelèh marang
wong-wong ing kono."
6 Para rasul nuli padha mangkat, nyebar
pawarta Injil ana ing ngendi-endi, karo
marasaké wong lara.

7 Sang Prabu Hérodès, sing dadi raja
ana ing tanah Galiléa, bareng mireng
sakèhing lelakon kuwi dadi bingung.
Sebab ana wong sing kandha: "Nabi
Yohanes Pembaptis wis urip menèh!"
8 Wong liya menèh kandha, yèn Nabi
Élia jumedhul menèh. Wong liya menèh
kandha, yèn salah sawijining nabi jaman
kuna urip menèh.
9 Sang Prabu Hérodès ngunandika:
"Yohanes wis daktigas guluné. Lha wong
iki sapa? Aku krungu wartané yèn wis
nindakaké prekara rupa-rupa." Mulané
Sang Prabu Hérodès tansah ngudi bisané
ketemu karo Gusti Yésus.
10 Bareng para rasul wis padha bali saka
enggoné diutus déning Gusti Yésus, nuli
padha nglapuraké marang Panjenengané
apa sing wis padha dilakoni. Gusti Yésus
nuli ngajak para rasul nyingkir menyang
kutha Bètsaida.
11 Nanging bareng wong akèh padha
krungu yèn Gusti Yésus lan para rasul
padha tindak mrana, nuli padha nututi.
Wong kabèh mau padha ditampani
déning Gusti Yésus lan padha diwulang
bab Kratoné Allah. Déné sing padha
nandhang lelara padha diwarasaké.

12 Bareng wis soré, para rasul rolas nuli
padha sowan ing ngarsané Gusti Yésus,
sarta matur: "Gusti, menapa mboten
prayogi menawi tiyang-tiyang menika
Panjenengan dhawuhi késah kémawon,
supados sami saged pados tetedhan
lan pasipengan ing dhusun-dhusun
sakiwa-tengen ngriki, awit ing ngriki
panggènanipun sepen!"
13 Pangandikané Gusti Yésus: "Ora,
kowé waé sing padha mènèhana
mangan!" Aturé para rasul mau: "Kula
namung sami gadhah roti gangsal sarta
ulam kalih, kejawi menawi kula kautus
tumbas tetedhan kanggé tiyang menika
sedaya!"
14 (Sing ngumpul ana ing kono wongé
lanang waé kira-kira ana limang èwu.)
Gusti Yésus banjur ngandika marang
para rasul mau: "Wong akèh kuwi konen
lungguh sapantha-sapantha, sapanthané
kira-kira wong sèket."
15 Para rasul nuli nglakoni apa sing
didhawuhaké déning Gusti Yésus. Wong
kabèh padha dikon lungguh.
16 Gusti Yésus nuli mundhut roti lima
lan iwak loro mau, banjur tumenga ing
langit lan ngaturaké donga panuwun

marang Gusti Allah. Roti-roti nuli
dicuwil-cuwil, semono uga iwak loro
mau, nuli diparingaké marang para rasul
supaya diedumaké marang wong akèh.
17 Wong kabèh padha mangan nganti
wareg. Para rasul ngumpulaké sisa sing
ditinggal déning wong-wong akèhé rolas
ténggok kebak.
18 Ing sawijining dina nalika Gusti
Yésus lagi ndedonga piyambakan, para
sekabaté padha sowan ing ngarsané.
Nuli padha didangu: "Manut kandhané
wong-wong, Aku iki sapa?"
19 Wangsulané para sekabat: "Wonten
ingkang mastani Panjenengan menika
Nabi Yohanes Pembaptis. Nanging
wonten ugi ingkang sanjang, bilih
Panjenengan menika Nabi Élia. Lajeng
wonten malih tiyang ingkang criyos bilih
Panjenengan menika salah setunggaling
nabi ing jaman kina, ingkang wungu
saking séda."
20 Gusti Yésus ndangu menèh: "Lha, yèn
kowé dhéwé, Aku iki sapa?" Wangsulané
Pétrus: "Panjenengan menika Sang
Kristus! Utusanipun Allah."

21 Para sekabat padha diwanti-wanti
mengkéné: "Aja pisan-pisan bab iki
kokkandhakaké marang wong liya.
22 Putrané manungsa bakal nandhang
sangsara lan ditampik déning para
pinituwa, para pengareping imam, sarta
para ahli Torèt. Panjenenganè bakal
disédani, nanging ing telung dinané
bakal diwungokaké."
23 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong kabèh: "Saben wong sing kepéngin
dadi murid-Ku, padha nyingkura awaké
dhéwé, saben dina mikul salibé, lan
ngetutaké Aku.
24 Sebab sing sapa ngaya, ngudi golèk
kepénaking uripé, kuwi bakal kélangan
urip sing sejati. Nanging sapa sing
ngurbanaké uripé krana Aku, kuwi sing
bakal lestari urip.
25 Apa gunané wong bisa nduwèni
donya iki kabèh, nanging rusak uripé,
utawa kélangan nyawané?
26 Sapa sing isin ngaku dadi murid-Ku
lan isin nganut piwulang-Ku ana ing
ngareping wong, Putrané Manungsa uga
bakal lingsem ngaku wong mau, mbésuk
samasa rawuh ngagem kamulyané, lan

kaluhurané Sang Rama, tuwin para
malaékat suci.
27 Padha gatèkna kandha-Ku iki: ing
antaramu ana sawetara sing bakal ora
ngalami mati sadurungé Gusti Allah
nindakaké Kratoné ana ing bumi."
28 Kira-kira seminggu sawisé Gusti
Yésus memulang bab prekara-prekara
mau, Panjenenganè minggah ing
sawijining gunung prelu ndedonga,
kadhèrèkaké déning Pétrus, Yohanes lan
Yakobus.
29 Nalika lagi ndedonga, pasuryané
malih lan agemané dadi putih mengkilap.
30 Ujug-ujug ana wong loro sing padha
ngandikan karo Gusti Yésus, yakuwi Nabi
Musa lan Nabi Élia.
31 Sakaroné padha ngagem
kamulyaning swarga. Sing padha
dirembug bab enggoné Gusti Yésus bakal
nandhang sangsara lan séda ana ing
kutha Yérusalèm sawetara dina menèh,
murih kelakoné rancanganè Pangéran.
32 Pétrus lan kanca-kancané padha
turu pules. Bareng padha tangi nuli
weruh kamulyané Gusti Yésus lan uga
kamulyané wong loro sing ngadeg
bebarengan mau.

33 Nalika wong loro kuwi arep lunga ninggal Gusti Yésus, Pétrus matur marang Gusti Yésus: "Gusti, kawula sami remen wonten ing ngriki. Prayogi menawi kawula sami ngedegaken tarub tiga, setunggal kagem Panjenengan, setunggal kagem Nabi Musa lan setunggalipun malih kagem Nabi Élia." (Aturé Pétrus sing mengkono mau merga ora ngerti apa sing diucapaké.)
34 Nalika Pétrus isih caturan, ana méga teka nutupi Pétrus, Yohanes lan Yakobus. Para sekabat padha wedi banget.
35 Tumuli ana swara saka ing méga mau, sing ngandika mengkéné: "Iki Putra-Ku sing wis Dakpilih, padha èstokna dhawuhé!"
36 Bareng swara mau meneng, sing katon ana ing kono mung Gusti Yésus piyambak. Nabi Musa lan Nabi Élia wis ora ana. Para sekabaté Gusti Yésus ora tau nyritakaké lelakon mau marang sapa waé.
37 Ésuké, Gusti Yésus lan para sekabaté padha mudhun saka gunung. Akèh wong sing nuli sowan ing ngarsané.
38 Ing satengahé wong akèh mau ana wong lanang sing matur: "Guru, nyuwun

tulung, mugi kersa mirsani anak kula.
Anak kula namung menika!
39 Piyambakipun sering dipun surupi
dhemit, lajeng dadakan jerit-jerit.
Larénipun lajeng kaken, sarta
cangkemipun muruh, mesakaken
sanget. Dhemit menika enggènipun
nyiksa mboten kèndel-kèndel, sarta mèh
mboten naté ngeculaken.
40 Kula sampun nyuwun tulung dhateng
para sekabat Panjenengan, supados
nundhung dhemit wau, nanging sami
mboten saged."
41 Gusti Yésus ngandika: "Kowé pancèn
kebangeten enggonmu ora precaya
marang Gusti Allah. Kudu pira lawasé
enggon-Ku ana ing tengahmu lan nyabari
kowé? Wis, bocahé gawanen mréné!"
42 Nalika bocahé lagi mlaku marani
Gusti Yésus, bocah mau dibanting déning
dhemité lan awaké dadi kaku. Nanging
Gusti Yésus nuli nyentak dhemit mau
lan marasaké bocahé. Bocah mau nuli
dipasrahaké marang bapakné.
43 (9-43a) Wong kabèh padha kaéraman
weruh kwasané Gusti Allah sing semono
gedhéné. (9-43b) Nalika wong akèh
isih durung mari olèhé kaéraman

tumrap sakèhé lelakon mau, Gusti Yésus
ngandika marang para sekabaté:
44 "Padha rungokna tembung-Ku iki:
Putrané Manungsa bakal diulungaké
marang pangwasané wong."
45 Nanging para sekabat mau ora padha
ngerti, apa tegesé pangandikané Gusti
Yésus mau. Prekara kuwi pancèn digawé
wadi ing ngatasé para sekabat, karebèn
padha ora ngerti tegesé pangandikané
Gusti Yésus mau, nanging para sekabat
padha ora wani nyuwun pirsa.
46 Ing antarané para sekabaté Gusti
Yésus ana dredah bab sapa sing pinunjul
dhéwé.
47 Gusti Yésus pirsa apa sing lagi
padha dipikir. Mulané nuli nimbali bocah
cilik siji, didhawuhi ngadeg ana ing
sandhingé.
48 Gusti Yésus nuli ngandika marang
para sekabat: "Sing sapa nampani
bocah cilik iki atas saka jeneng-Ku,
kuwi Aku sing ditampani; lan sing sapa
nampani Aku, kuwi dadi uga nampani
sing ngutus Aku. Awit sapa sing cilik
dhéwé ing antaramu kabèh, kuwi sing
gedhé dhéwé!"

[49] Rasul Yohanes matur marang
Gusti Yésus: "Guru, kawula sumerep
tiyang nundhung dhemit atas Asma
Panjenengan, lajeng kula penging, awit
tiyang wau sanès patunggilan kita."
[50] Gusti Yésus ngandika: "Aja
kokpenging. Sebab sapa sing ora
nglawan marang kowé, kuwi nyarujuki!"
[51] Bareng wis cedhak dina enggoné
Gusti Yésus bakal kondur menyang ing
swarga, Panjenenganė menggalih arep
tindak menyang kutha Yérusalèm.
[52] Nuli ngutus wong sawetara, ndhisiki
tindaké; wong-wong mau banjur padha
mangkat, lan mlebu ing salah sawijining
désa ing tanah Samaria. Ana ing kono
para utusan mau arep padha nyawisaké
samubarang kagem Gustiné.
[53] Nanging wong-wong ing désa kono
padha ora gelem nampani rawuhé Gusti
Yésus, sebab cetha yèn tindaké Gusti
Yésus lan para sekabaté kuwi arep
menyang kutha Yérusalèm.
[54] Nalika sekabat loro, Yakobus lan
Yohanes, weruh sing mengkono mau,
nuli matur marang Gusti Yésus: "Gusti,
menapa kepareng kawula sami nyuwun,

supados tiyang-tiyang menika dipun
samber bledhèg, kajengipun sirna?"
55 Nanging Gusti Yésus nolèh marang
sekabat-sekabat mau sarta padha
didukani.
56 Gusti Yésus lan para sekabaté nuli
nglajengaké tindaké menyang désa liya.
57 Nalika padha mbacutaké lakuné
menyang désa liyané mau, ana wong
matur marang Gusti Yésus mengkéné:
"Guru, kawula badhé ndhèrèk dhateng
pundi kémawon tindak Panjenengan!"
58 Pangandikané Gusti Yésus: "Asu ajag
padha duwé rong lan manuk padha duwé
susuh, nanging Putraning Manungsa
ora kagungan papan kanggo nyèlèhaké
mestakané."
59 Gusti Yésus banjur ngandika marang
wong liyané: "Mèlua Aku." Nanging
wong mau mangsuli: "Gusti, keparenga
kawula késah rumiyin, ngubur bapak
kawula."
60 Pangandikané Gusti Yésus: "Wis bèn
wong mati padha ngubur pepadhané
wong mati, nanging kowé kuwi lungaa
lan martakna Injil, yèn Kratoné Allah wis
wiwit ditindakaké."

61 Lan ana menèh wong sing matur
marang Gusti Yésus: "Guru, kawula
badhé ndhèrèk Panjenengan, nanging
keparenga kawula wangsul pamitan
rumiyin kaliyan brayat kawula."
62 Nanging Gusti Yésus ngandika:
"Wong sing wiwit mluku, mangka nolèh
ndeleng sing ana ing mburi, wong kuwi
ora pantes ana ing Kratoné Allah."
10 1 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli
milih murid menèh pitung puluh.
Para murid mau diutus ngloro-ngloro,
ndhisiki tindaké Gusti Yésus menyang
saben kutha lan panggonan sing arep
dirawuhi.
2 Pangandikané Gusti Yésus: "Sing kudu
dienèni pancèn akèh, nanging sing derep
mung sethithik. Mulané padha nyuwuna
marang sing kagungan panèn, kersaa
ngutus wong luwih akèh menèh kanggo
ngumpulaké panènané.
3 Padha mangkata. Kowé Dakutus kaya
cempé ing satengahé asu ajag.
4 Aja padha sangu dhuwit, utawa
nggawa kanthong kanggo nampani
sedhekah, apa déné sepatu. Uga aja
padha mandheg ana ing dalan nyalami
sapa-sapa.

[5] Menawa kowé mlebu ing sawijining
omah ngucapa: ‘Assalamu alaikum.’[d]
[6] Yèn wong sing padha manggon ing
omah kono mau seneng marang
katentreman, salammu bakal
njalari wong-wong mau padha
olèh katentreman. Nanging menawa
wong-wong mau padha ora seneng
marang katentreman, salammu bakal
bali menèh marang kowé.
[7] Lestaria manggon ana ing brayat
kono. Padha mangana lan ngombéa
apa sing disuguhaké marang kowé,
sebab wong nyambut-gawé kuwi wis
samesthiné nampa opah. Aja padha
ngolah-ngalih enggonmu nginep.
[8] Yèn kowé mlebu ing sawijining kutha
lan ana ing kono ditampa klawan becik,
mangana apa sing disuguhaké marang
kowé.
[9] Wong lara ing kutha kono padha
warasna, lan wong-wong padha
kandhanana: ‘Kratoné Allah ana ing
tengahmu.’
[10] Yèn ana kutha sing kokleboni,
nanging ora gelem nampa kowé, lungaa

---

[d] Assalamu alaikum: ‘Tentrem rahayu anaa ing kowé kabèh.’

menyang ing dalan-dalan gedhé ing
kutha kono, sarta munia mengkéné:
11 ‘Dalasan bledugé kuthamu,
sing nèmpèl ana ing sikilku, kuwi
dakketabaké ana ing ngarepmu. Nanging
padha titènana, ora suwé menèh Kratoné
Allah bakal diwiwiti ana ing tengahmu!’
12 Titènana, ing Dina Kiamat kutha
Sodom bakal luwih diwelasi déning Gusti
Allah, ketimbang karo kutha kuwi."
13 "Cilaka kowé, kutha Khorazim! Cilaka
uga kowé, kutha Bètsaida! Sebab upama
ing kutha-kutha Sidon lan Tirus ana
mujijat-mujijat kaya sing kelakon ana
ing tengah-tengahmu, wong-wong
ing kono mesthi wis biyèn-biyèn
enggoné nlangsani dosané, sarta padha
nyandhang bagor lan lungguh ing awu,
kanggo mbuktèkaké enggoné mratobat.
14 Mbésuk ing Dina Kiamat para
wargané kutha Tirus lan Sidon bakal
luwih diwelasi déning Gusti Allah
ketimbang karo kowé.
15 Lan kowé, kutha Kapèrnaum!
Pangiramu kowé bakal dijunjung nganti
tekan swarga? Ora bakal! Kowé malah
bakal dicemplungaké ana ing nraka!"

16 Gusti Yésus nuli ngandika marang
para muridé: "Sapa sing manut marang
piwulangmu, kuwi uga manut marang
Aku. Lan sing sapa nampik kowé, kuwi
iya nampik Aku. Lan sapa sing nampik
Aku, kuwi iya nampik Panjenengané sing
ngutus Aku."
17 Muridé Gusti Yésus pitung puluh
mau padha bali kanthi bungah, sarta
padha matur: "Gusti, dalasan para
dhemit samangsa kawula tundhung atas
Asma Panjenengan, temtu sami tundhuk
dhateng kawula."
18 Gusti Yésus ngandika: "Aku ndeleng
Iblis tiba saka ing langit kaya cumlèrèting
kilat.
19 Padha diéling! Kowé wis padha
Dakwènèhi kasektèn ngidak ula
lan kalajengking, sarta ngalahaké
kekuwatané mungsuh. Lan ora ana
prekara apa waé sing bisa gawé
cilakamu.
20 Éwasemono kowé aja padha bungah,
merga dhemit-dhemit wis padha tundhuk
marang kowé; aluwung padha bungaha,
merga jenengmu wis katulis ana ing
swarga."

21 Nalika semana Gusti Yésus rena ing
penggalih, sebab kapenuhan ing Sang
Roh Suci. Gusti Yésus nuli matur marang
Sang Rama: "Rama, Allahipun langit
lan bumi. Kawula saos panuwun, déné
prekawis ingkang Paduka damel wados
tumrap tiyang wasis lan tiyang pinter,
samenika sampun Paduka wedharaken
dhateng tiyang-tiyang ingkang prasaja.
Saèstu, sedaya menika sampun Paduka
tindakaken miturut kepareng lan kersa
Paduka piyambak.
22 Samubarang kabèh wis dipasrahaké
déning Sang Rama marang Aku. Lan
ora ana wong sing ngerti Sang Putra
kuwi sapa, kejaba mung Sang Rama.
Mengkono uga ora ana wong sing ngerti
Sang Rama kuwi sapa, kejaba mung
Sang Putra piyambak, lan wong-wong
sing diwanuhaké Sang Putra mau
marang Sang Rama."
23 Gusti Yésus nuli mirsani marang
para muridé, banjur ngandika marang
para murid mau: "Kowé kuwi wong
sing begja banget, sebab kowé weruh
prekara-prekara sing kokdeleng iki.
24 Sebab élinga; akèh nabi lan ratu,
sing kepéngin padha ndeleng apa sing

kokdeleng iki, nanging padha ora bisa.
Padha kepéngin krungu apa sing saiki
padha kokrungu, nanging ora kelakon."
25 Ing sawijining dina ana ahli Torèt arep
nyoba marang Gusti Yésus, aturé: "Guru,
menapa ingkang kedah kawula lampahi,
supados angsal gesang langgeng."
26 Pangandikané Gusti Yésus: "Apa sing
katulis ana ing Kitab Torèt? Apa sing
kokwaca ana ing kono?"
27 Ahli Torèt mau mangsuli: "‘Kowé
tresnaa marang Pangéran Allahmu,
klawan gumolonging atimu, klawan
gumolonging nyawamu, klawan
sakatoging kekuwatanmu, lan klawan
gumolonging budimu,’ lan menèh ‘Padha
tresnaa marang sapepadhamu kaya
enggonmu nresnani marang awakmu
dhéwé.’"
28 Pangandikané Gusti Yésus:
"Wangsulanmu kuwi wis bener. Kuwi
lakonana, temah kowé bakal olèh urip
langgeng."
29 Nanging ahli Torèt kuwi arep
mbeneraké awaké dhéwé, mulané nuli
nyuwun pirsa marang Gusti Yésus:
"Lajeng ingkang dados sesami kula
menika sejatosipun sinten?"

30 Pangandikané Gusti Yésus: "Ana
priya lelungan, mlaku saka kutha
Yérusalèm menyang kutha Yérikho.
Ing tengah dalan wong mau dibégal.
Barangé dirampog, lan wongé dhéwé
digebugi nganti setengah mati, banjur
ditinggal déning bégalé ana ing tengah
dalan.
31 Kapinujon ana imam liwat ing kono.
Bareng weruh wong sing dibégal mau,
imam kuwi banjur mlaku mlipir metu
sisih kanané dalan.
32 Semono uga wong Lèwi, sing liwat
ing kono, wong mau weruh wong sing
dibégal mau, nanging mlaku terus, liwat
pinggir dalan sing sisih kana.
33 Tumuli ana wong Samaria sing
lelungan, uga liwat ing dalan kono.
Bareng weruh wong sing dibégal mau,
atiné trenyuh.
34 Nuli diparani, tatuné dilengani, lan
diwènèhi anggur, sarta dipreban. Sawisé
kuwi nuli ditunggangaké ing kuldiné,
digawa menyang ing penginepan, sarta
dirumat ana ing kono.
35 Ésuké wong Samaria mau mènèhi
dhuwit rong dinar marang sing duwé
penginepan, karo masrahaké wong

sing lara mau, tembungé: ‘Wong iki rumatana. Mbésuk yèn aku bali liwat kéné, ongkosé enggonmu ngrumati wong kuwi bakal dakbayar kabèh.’"
36 Gusti Yésus nuli mungkasi critané mau srana ndangu mengkéné: "Manut panemumu, wong telu mau endi sing dadi pepadhané wong sing dibégal?"
37 Ahli Torèt mau mangsuli: "Inggih tiyang ingkang nindakaken kawelasan dhateng tiyang ingkang dipun bégal menika." Pangandikané Gusti Yésus: "Wis, mundura, lan nglakonana mengkono uga."
38 Sawijining dina Gusti Yésus lan para sekabaté tindak tekan ing sawijining désa. Ing kono ana wong wadon, sing jenengé Marta, ngampiraké Panjenenganè menyang omahé.
39 Marta duwé sedulur wadon, jenengé Maryam. Maryam mau lungguh terus ing sacedhaké sampéyané Gusti, ngrungokaké piwulangé Gusti Yésus.
40 Déné Marta ribut banget ngladèni para tamuné. Marta nuli marani Gusti Yésus sarta matur: "Guru, cobi Panjenengan penggalih! Sedhèrèk kula menika mboten preduli kula

nyambut-damel piyambakan. Mbok inggiha Panjenengan dhawuhi supados ngréncangi kula!"
41 Gusti Yésus ngandika: "Marta, Marta! Kowé kuwi répot mikiraké barang sepirang-pirang.
42 Mangka sing prelu kuwi mung siji! Déné Maryam iki wis milih prekara sing becik dhéwé, sing ora bakal kapundhut saka dhèwèké!"

11 1 Sawijining dina Gusti Yésus ndedonga ana ing salah sawijining panggonan. Sawisé rampung, ana sekabat sing nyuwun pirsa: "Gusti, mbok kula sami Panjenengan wuruki ndedonga, kados déné Nabi Yohanes inggih muruki ndedonga murid-muridipun."
2 Gusti Yésus nuli ngandika: "Menawa kowé padha ndedonga, matura mengkéné: ‘Dhuh Rama, Asma Paduka ingkang suci mugi kaurmatan déning para manungsa sedaya, lan Kraton Paduka mugi kelampahan wonten ing ngriki.
3 Saben dinten kawula mugi Paduka paringi rejeki ingkang kawula betahaken.
4 Dosa kawula mugi Paduka apunten, sebab kawula inggih ngapunten saben

tiyang ingkang kalepatan dhateng
kawula. Kawula mugi sami katebihaken
saking panggodha!’"
5 Gusti Yésus banjur ngandika marang
para sekabaté: "Saupama ing tengahmu
ana wong sing bengi-bengi lunga
menyang omahé kancané, lan nembung:
‘Aku silihana roti telung iji,
6 sebab kanca-kancaku sing mbeneri
lelungan padha mampir ing omahku,
mangka aku ora duwé pangan kanggo
nyuguh!’
7 Saupama kanca sing koktekani mau
muni mengkéné: ‘Aja gawé répotku!
Lawangé wis dakkancing, sarta aku lan
anak-anakku wis padha turu. Aku ora
arep tangi lan mènèhi apa-apa marang
kowé!’"
8 "Banjur kepriyé? Ngandela, senajan
kowé kuwi kancané, wong mau ora arep
tangi lan mènèhi apa-apa marang kowé,
nanging merga saka enggonmu ora
duwé isin, nggujeg njaluk tulung, wong
mau bakal tangi lan mènèhi marang
kowé apa sing kokjaluk.
9 Mulané padha élinga: Yèn kowé
nyuwun, bakal diparingi; yèn kowé

golèk, bakal nemu; yèn kowé nothok
lawang, bakal dibukakaké lawang.
10 Sebab saben wong sing nyuwun,
bakal diparingi; wong sing golèk bakal
nemu, lan wong sing nothok lawang
bakal dibukakaké lawang.
11 Yèn ing antaramu ana sing duwé
anak, apa kelakon mènèhi ula marang
anaké sing njaluk iwak?
12 Utawa mènèhi kalajengking, yèn
anaké mau njaluk endhog?
13 Yèn selaginé kowé wong sing ala waé
ngerti mènèhi barang sing becik marang
anak-anakmu, apa menèh Ramamu ing
swarga. Panjenengané mesthi bakal
maringaké Sang Roh Suci marang saben
wong sing nyuwun!"
14 Sawijining dina Gusti Yésus nundhung
dhemit sing marakaké wong dadi bisu.
Bareng dhemité wis metu, wong mau
wiwit caturan. Wong kabèh padha
gumun.
15 Nanging ana sawetara sing muni:
"Yésus kuwi enggoné bisa nundhung
dhemit merga diwènèhi pangwasa
déning Béèlzebul, ratuné para dhemit
kabèh."

16 Uga ana wong liyané sing padha
nyoba marang Gusti Yésus. Wong-wong
mau padha nyuwun, supaya Gusti Yésus
gawé mujijat saka swarga.
17 Nanging Gusti Yésus pirsa karepé
wong-wong mau. Mulané banjur
ngandika: "Yèn ing sajroné negara ana
dredah, negarané mesthi ora bisa lestari.
Lan brayat sing crah, bakal bubrah.
18 Menawa ing negarané Iblis ana
dredah ing antarané Iblis siji karo sijiné,
kepriyé bisané negara mau lestari?
Kowé kandha yèn enggon-Ku nundhungi
dhemit kuwi merga saka pangwasané
Béèlzebul.
19 Yèn mengkono, para muridmu kuwi
olèhé padha nundhungi dhemit nganggo
pangwasané sapa? Para muridmu dhéwé
wis padha mbuktèkaké yèn panemumu
kuwi salah.
20 Menawa aku nundhung dhemit ora
merga saka pangwasané Béèlzebul,
nanging merga saka pangwasané Gusti
Allah, kuwi mretandhani yèn Kratoné
Allah wis ana ing tengahmu.
21 Yèn ana wong rosa, sing njaga
omahé nganggo gaman sapepaké,
barang-barangé kabèh bakal aman.

22 Nanging yèn ketekan wong sing
luwih rosa, sing nempuh lan ngalahaké
dhèwèké, gegamané kabèh sing
diendelaké bakal dirampas, lan
barang-darbèké dijarah rayah sarta
diedum-edum.
23 Sapa sing ora ngrujuki Aku, kuwi
ateges nglawan marang Aku, lan sing
sapa ora mbantu Aku, ateges ngrusak
pegawéan-Ku!"
24 "Menawa ana dhemit wis metu saka
wong, dhemit mau nuli mider-mider ing
bumi sing cengkar, golèk papan kanggo
ngaso. Yèn dhemit mau ora olèh papan
sing mengkono, banjur ngunandika:
'Beciké aku dakbali menyang omah sing
wis daktinggal!'
25 Dadiné dhemit kuwi nuli mbalèni
omah mau, lan weruh yèn omah mau
wis diresiki lan ditata rapi.
26 Dhemit mau banjur lunga menèh
ngundangi kancané dhemit pitu liyané,
sing luwih ala ketimbang karo dhèwèké.
Dhemit-dhemit kuwi banjur padha
manggon bebarengan ana ing wong
mau. Wusana wong mau alané ngungkuli
dhèk biyèn, nalika isih dileboni dhemit
siji."

27 Sawisé Gusti Yésus mungkasi
pangandikané mau, nuli ana wong
wadon saka ing antarané wong akèh
mau nguwuh: "Begja tiyang èstri ingkang
nglairaken lan nesepi Panjenengan!"
28 Nanging Gusti Yésus ngandika:
"Sing begja kuwi wong sing padha
ngrungokaké sarta nggatèkaké
pangandikané Allah."
29 Nalika isih dirubung déning wong
akèh, Gusti Yésus ngandika: "Wong-
wong iki dhasar wong ala. Saiki padha
nyuwun pretandha mujijat, nanging ora
bakal padha kaparingan, kejaba mung
pretandhané Nabi Yunus.
30 Kaya déné Nabi Yunus enggoné
dadi pretandha tumrapé wong ing
kutha Ninewé, semono uga Putrané
Manungsa iya bakal dadi pretandha
tumrap wong-wong iki.
31 Mbésuk ing Dinané Kiamat Gusti Allah
ngadili para manungsa, Ratu Putri saka
ing tanah Kidul bakal maju lan nggugat
dosané wong-wong iki. Sebab Ratu kuwi
wis rawuh saka pojoking bumi, saprelu
ngrungokaké kawicaksanané Sang Prabu
Suléman; mangka élinga, sing ana ing
kéné iki ngungkuli Sang Prabu Suléman.

32 Mbésuk ing Dinané Kiamat Gusti
Allah ngadili para manungsa, para
wargané kutha Ninewé bakal maju,
nggugat dosané wong iki, sebab nalika
para wargané kutha Ninewé mau
padha ngrungu pangandikané Allah
sing diwedharaké déning Nabi Yunus,
wong-wong mau nuli padha mratobat.
Ngertia! Sing ana ing kéné iki ngungkuli
Nabi Yunus."
33 "Ora ana wong sing nyumed diyan,
banjur disèlèhaké ana ing panggonan
sing ndhelik, utawa nutupi diyan mau
nganggo panci. Nanging diyan mau bakal
disèlèhaké ana ing ajug-ajug, supaya
madhangi wong-wong sing ana ing omah
kono.
34 Mripat kuwi kena diupamakaké diyan
ana ing awak. Yèn mripatmu waras,
awakmu sakojur padhang njingglang.
Nanging yèn mripatmu blawur, awakmu
sakojur iya banjur dadi peteng.
35 Mulané padha ngati-atia supaya
pepadhang sing ana ing awakmu kuwi
aja dadi peteng.
36 Yèn awakmu kapadhangan, lan
ora ana sethithik-thithika sing peteng,
awakmu sakojur iya nuli bakal dadi

padhang njingglang, padha kaya yèn
kowé kapadhangan déning cahyaning
lampu."
37 Bareng wis rampung enggoné
memulang, Gusti Yésus banjur diaturi
dhahar ana ing omahé wong Farisi.
Panjenengané nuli tindak mrana sarta
dhahar ing kono.
38 Wong Farisi mau gumun banget,
nalika weruh Gusti Yésus dhahar tanpa
wijik asta dhisik.
39 Mulané Gusti Yésus ngandika:
"Kowé wong Farisi padha kulina ngasahi
njabané mangkok lan piring. Nanging
ing njeroné atimu kebak gagasan
ngrodha-peksa lan piala.
40 Kowé wong bodho! Gusti Allah
sing nitahaké sisih njaba, apa iya ora
nitahaké sisih njero uga?
41 Isining mangkok lan piringmu kuwi
sing kudu kokwènèhaké marang wong
miskin. Srana mengkono kowé bakal
dadi resik sakabèhé.
42 Cilaka kowé wong Farisi! Awit
prasepuluhané asilé tanduranmu selasih,
inggu lan sarupaning janganan kokbayar,
nanging padha nglirwakaké kaadilan lan
katresnan. Mangka kuwi sing kuduné

kokdhisikaké, tanpa nglirwakaké sing
liya-liyané mau.
43 Cilaka kowé wong Farisi! Ana ing
sinagogé kowé padha seneng lungguh
ngarep, papan sing disedhiyakaké
kanggo wong penting, lan kowé
seneng diurmati déning wong ana ing
pasar-pasar.
44 Cilaka kowé! Kowé kuwi kaya
kuburan, sing tanpa tenger, sing
diidak-idak déning wong, merga ora
ngerti yèn kuwi kuburan."
45 Ana para ahli Torèt sing matur
marang Gusti Yésus: "Guru, pangandika
Panjenengan ingkang mekaten menika
ugi ngrèmèhaken dhateng golongan
kula!"
46 Dhawuhé Gusti Yésus: "Kowé para
ahli Torèt, kowé uga wong cilaka! Kowé
ngemotaké momotan sing abot ana ing
pundhaké wong, momotan sing kowé
dhéwé emoh ndumuk, senajan mung
nganggo drijimu waé.
47 Cilaka kowé. Kowé padha mbangun
pesaréané para nabi, sing dhèk biyèn
disédani déning para leluhurmu dhéwé.
48 Dadi srana mengkono kowé ngakoni,
yèn kowé nyarujuki apa sing dilakoni

déning para leluhurmu, sebab iya pancèn
leluhurmu kuwi sing matèni para nabi
mau, lan kowé sing mbangun pesaréané.
49 Awit saka kawicaksanané Gusti Allah
ngandika: ‘Aku bakal ngutus nabi-nabi
lan rasul-rasul-Ku; sawenèh ana sing
bakal dipatèni lan liyané menèh bakal
ana sing dikuya-kuya.’
50 Ngandela! Getihé para nabi sing
wis kawutahaké wiwit nalika bumi
katitahaké,
51 iya wiwit saka getihé Abil nganti
getihé Zakharia, sing dipatèni ana ing
antarané mesbèh lan Pedalemané Allah,
kuwi kabèh bakal katempuhaké marang
golongané wong Farisi lan para ahli Torèt
iki.
52 Cilaka kowé, para ahli Torèt! Kowé
padha nyekel kuncining kawruh bab
Torèt, nanging kowé dhéwé padha ora
ngèstokaké dhawuhé Torèt mau, malah
wong sing kepéngin weruh isining Torèt
sing sanyatané, padha kokalang-alangi!"
53 Bareng Gusti Yésus tindak saka
kono, para ahli Torèt lan wong Farisi
mau padha nepsu banget lan padha
ngala-ala marang Gusti Yésus. Sawisé
kuwi wong-wong mau padha nggolèki

kesalahané Gusti Yésus srana ngajokaké
pitakonan pirang-pirang bab prekara
rupa-rupa.
54 Wong-wong mau padha nastitèkaké
pangandikané Gusti Yésus, supaya bisa
krungu yèn ana tembungé Gusti Yésus,
sing kena digawé dhadhakan kanggo
nyekel Panjenengané.

12

1 Nalika semono éwon cacahé
wong sing padha nglumpuk
nganti padha suk-sukan. Gusti Yésus
banjur memulang; sing ditengenaké
murid-muridé. Pangandikané: "Padha
diawas mungguh raginé wong Farisi,
yakuwi enggoné padha lamis.
2 Samubarang sing ditutup-tutupi bakal
katon, lan samubarang sing digawé wadi
bakal kawiyak.
3 Apa sing kokkandhakaké ing wayah
bengi kuwi bakal keprungu ing wayah
awan. Lan apa sing kokbisikaké marang
wong ing kamar sing kancingan, bakal
diwartakaké marang wong kabèh."
4 Gusti Yésus ngandika: "Kowé para
mitra-Ku! Aja padha wedi marang wong-
wong sing bisa matèni badan, nanging
sawisé kuwi ora bisa ngganggu-gawé
kowé.

5 Kowé padha Dakkandhani sapa sing
kudu kokwedèni. Padha wedia marang
Gusti Allah! Sebab Panjenenganė kuwi
sawisé matèni badanmu, uga kwasa
nyemplungaké kowé ana ing nraka!
Mulané élinga, iya Panjenengané kuwi
sing kudu kokwedèni.
6 Manuk emprit yèn diedol rak presasat
ora ana ajiné? Éwasemono ora ana siji
waé sing disupèkaké déning Gusti Allah.
7 Malah dalasan rambuté sirahmu kuwi
Gusti Allah pirsa cacahé. Mulané aja
padha wedi. Ajimu rak ngungkuli manuk
emprit pirang-pirang."
8 "Kowé ngandela karo sing
Dakkandhakaké iki: Sapa sing
ngaku dadi murid-Ku ana ing ngareping
umum, wong kuwi bakal diakoni uga
déning Putraning Manungsa ana ing
ngareping para malaékaté Gusti Allah.
9 Nanging sapa sing ana ing ngareping
umum kandha yèn dhèwèké kuwi ora
kenal karo Aku, wong kuwi iya bakal
disélaki déning Putraning Manungsa ana
ing ngarepé para Malaékaté Allah.
10 Sing sapa ngucapaké tembung sing
nglawan marang Putraning Manungsa,
kuwi bakal diapura; nanging sing sapa

nyenyamah marang Sang Roh Suci, kuwi
bakal ora diapura.
11 Yèn kowé digawa menyang sinagogé
arep diadili déning pradataning
pasamuwan utawa pangwasa, kowé aja
wedi apa sing arep kokaturaké, kanggo
mbélani prekaramu.
12 Sebab ing wektu kuwi uga Sang Roh
Suci bakal ngosikaké apa sing kudu
kokaturaké."
13 Ing antarané wong akèh sing padha
ngrungokaké piwulangé Gusti Yésus
mau, ana sing nuli matur mengkéné:
"Guru, Panjenengan ndhawuhana
sedhèrèk kawula, supados nyukakaken
warisan ingkang dados hak kula."
14 Pangandikané Gusti Yésus: "Sedulur,
sapa sing ngangkat Aku dadi hakim
kanggo nengahi enggonmu padha
ngedum warisan?"
15 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong kabèh sing ana ing kono: "Padha
sing awas lan dingati-ati bab watak
karem bandha. Sebab senajan wong
duwé bandha akèh, éwasemono uripé
wong mau ora gumantung ing bandha
kuwi."

16 Gusti Yésus nuli maringi pasemon
mengkéné: "Ana wong sugih duwé
lemah akèh tur loh banget, mulané asilé
lemah mau iya akèh banget.
17 Wong sugih mau ngunandika
mengkéné: ‘Apa sing saiki prelu
daktindakaké? Aku wis ora duwé papan
kanggo nyimpen pametuné lemahku
kabèh.
18 Saiki beciké mengkéné: Gudhang-
gudhangku dakbungkaré, dakgawéné
sing luwih gedhé menèh. Gudhang-
gudhang mau bakal amot kanggo
nyimpen pametuné lemahku lan
bandhaku liya-liyané.
19 Sawisé kuwi atiku lagi bisa ayem
lan bisa muni: Begja aku! Simpenanku
wis akèh, cukup dipangan nganti
pirang-pirang taun. Aku wis ora susah
mikir apa-apa menèh! Kari mangan,
ngombé lan seneng-seneng!’
20 Nanging Gusti Allah ngandika marang
wong mau: ‘Kowé wong keblinger! Bengi
iki uga kowé bakal mati! Lan kabèh
sing kokcawisaké kanggo awakmu, kuwi
mengkoné sapa sing nduwèni?’"
21 Gusti Yésus mungkasi pasemon
mau srana ngandika: "Mengkono kuwi

kaanané wong sing tansah nglumpukaké
bandha kadonyan kanggo awaké dhéwé,
nganti sugih banget; nanging ana
ing paningalé Gusti Allah wong mau
babar-pisan ora sugih."
22 Gusti Yésus nuli ngandika marang
para muridé: "Padha gatèkna pitutur-Ku
iki: Aja padha nyumelangaké bab
panguripanmu, yakuwi bab apa sing
bakal kokpangan, lan apa sing bakal
kokenggo.
23 Urip kuwi luwih aji ketimbang karo
pangan, lan badan luwih aji ketimbang
karo sandhang.
24 Coba delengen manuk gagak.
Manuk-manuk kuwi ora padha nyebar lan
ora padha derep, lan iya padha ora duwé
gudhang utawa lumbung kanggo nandho
pangan, éwasemono padha diparingi
pangan déning Gusti Allah. Kowé rak
luwih aji ketimbang karo manuk-manuk
mau!
25 Sapa ing antaramu sing bisa
nyambung umuré srana enggoné
kuwatir?
26 Yèn prekara sing sepélé kaya
mengkono waé kowé wis ora
bisa nindakaké, yagéné kowé

koknyumelangaké prekara-prekara
liyané?
27 Padha tamatna kembang bakung
sing padha thukul ana ing ara-ara.
Kembang-kembang kuwi padha ora
nyambut-gawé lan ora nenun. Nanging
delengen, senajan Sang Prabu Suléman
pisan, sing kaya mengkono sugihé,
agemané ora ana sing éndahé ngungkuli
kembang-kembang mau!
28 Semono uga suket sing ana ing
ara-ara, sing dina iki thukul lan sésuk
diobong. Gusti Allah ngrengga suket-
suket mau kaya mengkono éndahé. Apa
menèh kowé. Gusti Allah bakal luwih
menggalih bab sandhanganmu. Nanging
kowé dhasar cupet ing pengandel!
29 Mulané aja padha sumelang lan
aja padha bingung bab apa sing bakal
kokpangan lan kokombé.
30 Wong sing ngangsa marang barang-
barang mau rak wong sing padha ora
wanuh marang Gusti Allah. Ramamu ing
swarga rak wis pirsa yèn barang-barang
mau kokbutuhaké!
31 Sing kudu luwih kokprelokaké yakuwi
mikiraké kepriyé bisané mbangun-
turut marang kersané Kratoné Allah.

Nuli barang liya-liyané kabèh bakal
kawuwuhaké déning Panjenengané
marang kowé."
32 "Kowé pepanthan cilik, aja padha
wedi. Sebab Ramamu ing swarga
ngersakaké kowé padha dadi umat ing
Kratoné.
33 Barang-darbèkmu padha edolana
lan pepayoné wènèhna marang wong
miskin. Padha gawéa wadhah raja-brana
sing ora bisa rusak, lan bandhamu
simpenen ana ing swarga. Ana ing kono
kasugihanmu bakal ora kalong, sebab
ora bakal dicolong maling, utawa rusak
merga dipangan renget.
34 Awit ing ngendi dunungé bandhamu,
iya ing kono dununging atimu."
35 "Kowé kudu tansah siyaga ngadhepi
samubarang prekara. Klambimu
cancutna lan diyanmu panjeren.
36 Ora béda kaya abdi sing ngentèni
konduré bendarané saka péstané
wong mantu. Yèn bendarané rawuh
lan thothok-thothok lawang, abdi mau
énggal-énggal mbukakaké.
37 Begja abdi sing sarawuhé bendarané
ketemu isih melèk. Ngandela, bendarané

mau sawisé salin ageman, nuli bakal
ngajak abdi mau kembul dhahar.
38 Apa menèh yèn rawuhé bendarané
mau nganti tengah wengi utawa ésuk
umun-umun, mangka abdi mau ketemu
isih padha melèk. Abdi sing mengkono
kuwi begja temenan.
39 Élinga! Saupama wong sing duwé
omah ngerti, jam pira malingé bakal
teka, wong mau mesthi bakal ikhtiyar
supaya malingé ora mlebu ing omahé.
40 Mulané kowé tansah padha siyagaa,
awit Putrané Manungsa bakal rawuh ing
wektu sing ora kanyana."
41 Pétrus banjur matur: "Gusti, menapa
pasemon menika katujokaken dhateng
kawula sakanca, menapa dhateng tiyang
sedaya?"
42 Gusti Yésus ngandika: "Abdi sing
kepriyé sing diarani setya lan pinter?
Yakuwi sing dipasrahi déning bendarané
ngepalani kanca-kancané padha abdi,
lan kajibah mènèhi cadhongé abdi-
abdi liyané mau ing wektu sing wis
ditemtokaké.
43 Begja temenan abdi sing sarawuhé
bendarané ketemu nglakoni kewajibané.

44 Ngandela, bendarané mau bakal
mitayakaké bandhané kabèh marang
abdi mau.
45 Nanging saupama abdi mau mosik ing
atiné: ‘Bendaraku enggoné kondur isih
suwé!’ Nuli nindhes marang abdi-abdi
lanang lan wadon, nanging dhèwèké
dhéwé malah énak-énak mangan lan
ngombé nganti mendem,
46 abdi mau bakal cilaka. Sebab ing
dina sing ora dinyana-nyana, bendarané
bakal rawuh. Abdi mau bakal diukum,
manut paukumané wong sing ora setya.
47 Awit abdi sing ngerti apa sing
dikersakaké déning bendarané, mangka
ora siyaga lan ora nglakoni kersané
bendarané, abdi mau bakal dipecuti
marambah-rambah.
48 Nanging abdi sing ora ngerti
kersané bendarané, mangka sajroné
nindakaké kersané bendarané mau gawé
keluputan, sing marakaké wong mau
diukum, ukumané bakal ènthèng. Sebab
sing sapa diparingi akèh, kuwi bakal
dipundhuti akèh, lan sing sapa dipasrahi
prekara akèh, uga bakal dipundhuti
pétungan akèh."

49 "Teka-Ku ngurubaké geni ana ing
bumi, lan iba seneng-Ku yèn geni kuwi
bisa murub!
50 Nanging Aku isih kudu nglakoni
kabaptis. Aku durung bisa ayem yèn
baptisan mau durung kelakon.
51 Apa kokkira teka-Ku ing donya kuwi
nggawa katentreman? Ora babar-pisan.
Malah teka-Ku nuwuhaké crah.
52 Wiwit saiki yèn sabrayat ana
wong lima, wong mau bakal padha
cecongkrahan, sing telu nglawan sing
loro, lan sing loro nglawan sing telu.
53 Kabèh bakal padha crah, bapak karo
anaké lanang, lan anak lanang karo
bapakné. Ibu karo anaké wadon, lan
anak wadon karo ibuné. Ibu maratuwa
karo mantuné wadon, lan mantu wadon
karo ibuné maratuwa."
54 Gusti Yésus ngandika marang wong
akèh: "Menawa kowé weruh ing sisih
Kulon langité mendhung, kowé terus
bisa kandha: 'Mengko bakal udan.' Lan
banjur udan temenan.
55 Déné yèn kowé weruh anginé tekané
saka Kidul, kowé terus muni: 'Wah dina
iki bakal panas.' Lan iya kelakon panas
temenan.

56 Kowé dhasar wong lamis! Kowé
ngerti tandha-tandha sing ana ing langit
lan tandha-tandha sing ana ing bumi.
Yagéné kowé ora ngerti tandha-tandhané
jaman iki?"
57 "Yagéné kowé kokora netepi apa sing
bener tumrap awakmu dhéwé?
58 Yèn ana wong sing nggugat kowé
ana ing pengadilan, ngudia supaya
prekaramu bisa rampung karo wong
sing nggugat mau, sadurungé kowé
tekan pengadilan. Yèn ora mengkono,
wong mau bakal masrahaké kowé
marang hakim; hakim bakal masrahaké
kowé marang polisi, lan polisi bakal
nglebokaké kowé ing tahanan.
59 Ngandela! Kowé ora bakal metu saka
tahanan kono yèn utangmu durung
koklunasi kabèh."
13 1 Nalika semana ana wong sing
padha nyritakaké marang Gusti
Yésus, bab wong Galiléa sawetara sing
dipatèni déning Gubernur Pilatus, nalika
wong mau lagi padha saos kurban
marang Gusti Allah.
2 Nanggapi crita mau Gusti Yésus
ngandika: "Apa pengiramu wong Galiléa
sing padha dipatèni kaya mengkono mau

dosané luwih gedhé ketimbang karo
wong-wong Galiléa liyané?
3 Ora mengkono! Ngertia, yèn kowé
ora padha mratobat saka dosa-dosamu,
kowé uga bakal mati kaya wong-wong
kuwi.
4 Utawa menèh, apa pengiramu wong
wolulas, sing padha mati kerubuhan
menara ing Siloam kaé, dosané luwih
gedhé ketimbang karo wong-wong ing
kutha Yérusalèm kabèh?
5 Ora! Nanging ngandela, yèn kowé
padha ora mratobat, kowé uga bakal
tiwas kaya wong-wong mau."
6 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli paring
pasemon mengkéné: "Ana wong duwé
wit anjir ana ing pakebonané. Wong mau
nggolèk wohé, nanging ora olèh siji-sijia.
7 Mulané wong mau banjur kandha
karo tukang keboné: ‘Wis telung taun
lawasé enggonku ngarep-arep pametuné
anjir iki, nanging ora tau awoh siji-sijia.
Mulané wit iki tegoren waé. Sebab
apa gunané wit iki urip, tiwas mung
ngentèkaké lemèn sing ana ing lemah
waé.’
8 Nanging tukang kebon mau matur:
‘Ndara kajengipun wit menika gesang

setaun malih. Kula badhé damel kalènan saubenging wit, lajeng kula isèni rabuk.
9 Saged ugi srana mekaten, taun ngajeng wit menika purun awoh. Nanging menawi mboten, prayogi menawi wit menika kategor kémawon.’"
10 Sawijining dina Sabbat, Gusti Yésus memulang ana ing sinagogé.
11 Ing kono ana wong wadon sing wis wolulas taun lawasé kepanjingan dhemit, sing marakaké wong mau gegeré ora bisa jejeg, dadiné wungkuk.
12 Nalika Gusti Yésus pirsa wong wadon mau, nuli ditimbali, pangandikané: "Ibu, kowé saiki warasa!"
13 Gusti Yésus nuli numpangaké astané ing wong mau, lan sanalika iku uga gegeré wong wadon mau dadi jejeg, mula banjur ngluhuraké Asmané Allah.
14 Nanging kocapa, kepalané sinagogé kono nepsu banget, jalaran Gusti Yésus marasaké wong ing dina Sabbat. Kepala sinagogé mau muni-muni marang wong-wong sing ana ing kono: "Ana nem dina kanggo nyambut-gawé. Padha tekaa ing dina-dina kuwi. Aja ing dina Sabbat."

15 Gusti Yésus ngandika marang
kepalané sinagogé mau mengkéné:
"Kowé kuwi wong lamis! Ing dina Sabbat
kowé apa ora padha nggawa sapimu
utawa kuldimu saka kandhang, lan
katuntun metu prelu kokombèni?
16 Iki ana wong wadon, anak-turuné
Abraham sing wis wolulas taun lawasé
dibanda déning Iblis. Apa wong kuwi ora
olèh diuculi saka bebandané Iblis ing
dina Sabbat?"
17 Krungu wangsulané Gusti Yésus sing
mengkono mau, wong kabèh sing padha
nglawan Panjenengané, padha kisinan.
Nanging wong-wong liyané padha
bungah weruh lelakon ngéram-éramaké
sing ditindakaké déning Gusti Yésus.
18 Gusti Yésus ngandika: "Kepriyé
enggoné Gusti Allah nindakaké Kratoné
Allah? Kena Dakupamakaké apa?
19 Kratoné Gusti Allah kuwi kaya wiji
sawi cilik banget sing ditandur. Wiji
sawi kuwi thukul, banjur dadi wit, lan
manuk-manuk padha gawé susuh ana
ing pang-pangé."
20 Gusti Yésus ngandika menèh:
"Kratoné Allah kuwi kena Dakupamakaké
apa?

21 Kuwi kaya ragi sing dijupuk wong
wadon, nuli dicarubaké karo glepung
trigu telung taker, nganti ragi mau
mrasuk ing adonan kabèh."
22 Tindaké Gusti Yésus menyang kutha
Yérusalèm ngliwati kutha-kutha lan
désa-désa. Ing panggonan-panggonan
sing diliwati mau Panjenengané
memulang.
23 Nuli ana wong nyuwun pirsa: "Guru,
menapa cacahipun tiyang ingkang
kawilujengaken menika namung
sekedhik?" Pangandikané Gusti Yésus:
24 "Padha ngudia mlebu liwat lawang
sing ciyut. Ngertia, yèn akèh wong sing
padha ngudi liwat lawang sing ciyut
mau, nanging ora bisa.
25 Yèn wis tekan mangsané sing
kagungan dalem bakal jumeneng sarta
nutup lawangé. Kowé bakal ngadeg ana
ing njaba sarta thothok-thothok karo
matur: ‘Gusti, kawula kabikakna kori!’
Nanging sing kagungan dalem mau bakal
mangsuli: ‘Aku ora wanuh, kowé kuwi
sapa!’
26 Kowé bakal mangsuli: ‘Gusti, kawula
sampun nedha lan ngombé sesarengan
kaliyan Panjenengan, lan Panjenengan

inggih sampun mucal wonten ing kitha
kawula!’
27 Nanging sing kagungan dalem mau
bakal mangsuli menèh: ‘Aku ora ngerti
kowé kuwi sapa! Padha lungaa saka
kéné, hèh wong sing padha nglakoni
piala!’
28 Kowé bakal padha weruh Abraham
lan Iskak lan Yakub tuwin para nabi
kabèh, padha ana ing Kratoné Gusti
Allah, nanging kowé dhéwé bakal
ditundhung metu saka ing dalem kono.
Kowé bakal nandhang sangsara lan
keduwung!
29 Bakal ana wong padha teka saka
ing Wétan lan Kulon, saka ing Lor lan
Kidul, lan padha bungah-bungah ana ing
Kratoné Gusti Allah.
30 Ing dalemé Gusti Allah kono ana
wong sing tekané kèri, nanging mlebuné
dhisik, lan ana sing tekané dhisik,
nanging mlebuné kèri."
31 Nalika semana iya ana wong Farisi
sawetara sing padha sowan ing ngarsané
Gusti Yésus lan matur: "Kula kinten
prayogi menawi Panjenengan tindak
kémawon saking ngriki, jalaran Sang

Prabu Hérodès ngangkah badhé nyédani
Panjenengan."
32 Gusti Yésus ngandika: "Lungaa,
kandhakna marang ‘kancil’ kuwi, ‘Dina
iki lan sésuk Aku nundhungi dhemit
lan marasaké wong lara, nanging ing
telung dinané Aku bakal ngrampungaké
pegawéan-Ku.’
33 Dadi Aku bakal mbacutaké laku-Ku
ing dina iki, sésuk lan sésuk embèn,
sebab ora samesthiné nabi dipatèni ora
ana ing kutha Yérusalèm.
34 Yérusalèm, Yérusalèm! Kowé sing
matèni nabi-nabi. Lan wong-wong sing
padha diutus nemoni kowé, padha
kokbenturi watu. Kaya apa enggon-
Ku saben-saben arep nglumpukaké
anak-anakmu kaya babon enggoné
nglumpukaké kuthuk-kuthuké ana ing
sangisoré swiwiné, nanging kowé ora
ngolèhaké!
35 Saiki omahmu bakal ditinggal
suwung. Kowé bakal ora ndeleng
Aku menèh, nganti tekan wektuné
kowé padha ngucap: ‘Binerkahana
Panjenenganné kang rawuh atas Asmané
Pangéran.’"

14

[1] Ing sawijining dina Sabbat,
Gusti Yésus tindak arep dhahar
ing omahé wong Farisi sing misuwur.
Wong sing ana ing kono kabèh padha
ngulataké Gusti Yésus.
[2] Banjur ana wong sing tangan lan sikilé
abuh, marek ing ngarsané Gusti Yésus.
[3] Gusti Yésus nuli ndangu marang para
ahli Torèt lan wong-wong Farisi: "Kitab
Torèt marengaké wong lara diwarasaké
ana ing dina Sabbat apa ora?"
[4] Sing padha didangu ora mangsuli.
Gusti Yésus nuli ngasta wong sing
lara mau, banjur diwarasaké, sarta
didhawuhi lunga.
[5] Panjenengané banjur ngandika
marang para ahli Torèt lan wong Farisi
mau: "Menawa ing antaramu ana wong
sing duwé anak utawa sapi, sing pinuju
dina Sabbat kacemplung ing sumur, apa
wong mau ora énggal-énggal ngentasaké
anaké utawa sapiné mau ing dina Sabbat
kuwi uga?"
[6] Nanging para ahli Torèt lan wong Farisi
mau ora ana sing bisa mangsuli.
[7] Gusti Yésus pirsa ana tamu sawetara
sing milih papan lungguh ana ing ngarep

dhéwé. Mulané Panjenengané nuli
ngandika mengkéné:
8 "Menawa kowé diulemi jagong
mantèn, kowé aja linggih ing papan sing
ana ngarep dhéwé, awit mbokmenawa
sing duwé gawé wis ngulemi wong sing
luwih diajèni tinimbang kowé.
9 Supaya wong sing ngulemi kowé mau
ora akon kowé: ‘Kula aturi pindhah
saking ngriki, awit papan menika
kasediyakaken kanggé tamu sanès.’ Yèn
mengkono, apa kowé ora kewirangan,
lan kepeksa lungguh ing papan sing asor
dhéwé?
10 Mulané, yèn kowé diulemi jagong,
padha lungguha ing papan sing asor
dhéwé, supaya sing duwé gawé marani
kowé lan muni: ‘Mangga, kula aturi
lenggah ing ngajeng.’ Temahan kowé
katon enggonmu kajèn ana ing ngarepé
para tamu liyané.
11 Sebab sapa sing ngluhuraké awaké
dhéwé, kuwi bakal diasoraké, lan sing
sapa ngasoraké awaké, kuwi bakal
diluhuraké."
12 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong sing ngulemi Panjenenganė: "Yèn
kowé ngulemi mangan, awan utawa

bengi, aja mung ngulemi kanca-kancamu utawa sedulur-sedulurmu, utawa sanak-kadangmu, utawa tangga-teparomu sing sugih. Awit wong-wong mau bakal males gentèn ngulemi kowé. Lan srana mengkono kowé wis nampa piwalesé penggawému.
13 Nanging yèn kowé nganakaké pésta, ngulemana wong sing mlarat, wong cacad lan wong lumpuh apa déné wong wuta,
14 lan kowé bakal nampa berkah; sebab wong-wong mau ora bakal males apa-apa marang kowé. Kowé bakal nampa opahmu saka Pangéran, mbésuk samangsa wong mursid padha katangèkaké."
15 Krungu pangandikané Gusti Yésus sing mengkono mau, nuli ana sawijining tamu sing matur: "Saiba begjanipun tiyang-tiyang ingkang kepareng tumut nedha wonten ing Kratonipun Allah!"
16 Gusti Yésus banjur paring pasemon mengkéné: "Ana wong nganakaké pésta gedhé, sarta ngulemi wong akèh.
17 Ngarepaké pésta mau diwiwiti, wong mau ngutus utusan-utusan marani wong-wong sing padha diulemi, karo

matur: ‘Sami kula aturi rawuh, awit
samukawis sampun cumawis.’
18 Nanging wong kabèh sing padha
diulemi mau siji-siji padha nyuwun
dipamitaké waé. Wong sing sepisan muni
karo utusan mau: ‘Aku lagi waé tuku
palemahan, saiki aku arep lunga ndeleng
palemahan mau. Suwunna pamit waé,
awit aku ora bisa teka.’
19 Wong liyané muni: ‘Aku lagi tuku sapi
limang rakit. Saiki aku arep mrana, njajal
sapi-sapi mau kanggo nyambut-gawé.
Dadi aku suwunna pamit waé, awit aku
ora bisa teka!’
20 Uleman liyané menèh muni: ‘Aku lagi
waé dadi mantèn, mulané aku ora bisa
teka.’
21 Wong sing diutus mau nuli bali sarta
matur marang bendarané bab kuwi mau
kabèh. Ngrungu aturé utusan, bendarané
mau duka banget, banjur ngandika:
‘Saiki énggal-énggal padha lungaa
menyang dalan-dalan lan lurung-lurung
ing kutha, sarta jaken mréné kabèh
wong miskin, wong cacad, wong wuta
lan wong lumpuh.’
22 Ora let suwé abdi mau nuli bali sarta
matur marang bendarané: ‘Dhawuh

panjenengan sampun kawula lampahi,
éwasemanten papanipun taksih tirah
kathah.’
23 Bendarané mau nuli dhawuh: ‘Lungaa
menyang dalan-dalan njaba kutha,
lan angger wong ulemana teka ing
pahargyan, supaya omahku kebak.
24 Ngandela, wong sing padha dakulemi
dhisik mau siji waé ora ana sing bakal
mèlu ngrasakaké suguhanku.’"
25 Nalika ana wong akèh padha
gumrudug ndhèrèkaké tindaké Gusti
Yésus, Panjenengané minger sarta
ngandika:
26 "Sing sapa arep dadi murid-Ku, kudu
gelem kélangan bapakné, ibuné, bojoné,
anak-anaké, sedulur-seduluré lanang lan
wadon, malah iya kudu kélangan awaké
dhéwé.
27 Sing sapa ora manggul salibé
dhéwé lan ngetutaké Aku, ora bisa dadi
murid-Ku.
28 Yèn ing antaramu ana wong
ngrancang arep ngedegaké menara,
wong kuwi luwih dhisik kudu ngétung,
pira bakal ragadé menara mau, supaya
ngerti dhuwité cukup apa ora kanggo
ngragadi sarampungé.

29 Yèn ora mengkono, wong mau
sawisé gawé pondhasi, jebul ora bisa
ngrampungaké menarané. Temahan
saben wong sing weruh, bakal padha
nggeguyu wong mau,
30 sarta muni: ‘Wong kuwi bisa
wiwit mbangun, nanging ora bisa
ngrampungaké.’
31 Yèn ana ratu sing duwé prejurit
saleksa arep perang merga dilurug ratu
liyané sing duwé prejurit rong leksa, apa
ratu sing kasebut dhisik mau ora arep
mikir-mikir, apa wadyabalané cukup
kanggo nglawan mungsuhé?
32 Yèn cetha ora kuwat, ratu mau kudu
ngutus utusan methukaké ratu sing
nglurug, nyuwun pirsa sarat-saraté
bedhamèn, mumpung mungsuh mau
durung tekan kono."
33 Gusti Yésus nuli mungkasi
pangandikané mengkéné: "Semono uga
wong bisa dadi murid-Ku, mung yèn
gelem kélangan sabarang-darbèké."
34 "Uyah kuwi pancèn prayoga, nanging
menawa ilang rasané, kepriyé bisané
mulihaké asiné?
35 Uyah mau wis ora ana gunané,
senajan tumrap lemah utawa kanggo

rabuk pisan. Apiké mung dibuwang. Sing sapa duwé kuping padha ngrungokna!"

15 1 Ing sawijining dina akèh pegawé pajeg lan wong sing dianggep ala déning masarakat, padha teka ngrungokaké piwulangé Gusti Yésus.

2 Wong Farisi lan para ahli Torèt banjur padha pating kedumel, pangucapé: "Yésus kokgelem nampani wong ala malah gelem mangan bareng karo wong kuwi."

3 Mulané Gusti Yésus nuli maringi pasemon mengkéné:

4 "Saupama ing antaramu ana wong sing duwé wedhus gibas satus sing siji ilang; apa sing ditindakaké déning wong mau? Wong mau mesthi bakal ninggal wedhusé sing sangang puluh sanga ana ing pangonan, sarta lunga nggolèki wedhus siji sing ilang mau, nganti ketemu.

5 Bareng ketemu wong mau bungah banget; wedhusé nuli dipanggul,

6 digawa mulih. Sawisé kuwi wong mau nuli ngundangi tangga-teparoné, padha dikandhani: ‘Aku bungah banget, déné wedhusku sing ilang saiki wis ketemu. Mulané ayo padha bungah-bungah.’

7 Ngandela, kaya mengkono uga
kaanané ing swarga. Para malaékat
bakal padha bungah banget merga ana
wong dosa siji sing mratobat, ketimbang
karo wong sangang puluh sanga sing ora
susah mratobat."
8 "Yèn ana wong wadon sing duwé
dhuwit dirham sepuluh, mangka ilang
siji, wong mau apa ora nuli nyumed
lampu lan nyaponi omahé, banjur
nggolèki kanthi njlimet, nganti dirham
sing ilang mau ketemu?
9 Bareng wis ketemu, wong wadon mau
nuli bakal ngundang kanca-kancané lan
tangga-teparoné, padha dikandhani:
‘Ayo padha bungah-bungah karo aku,
sebab dirhamku sing ilang saiki wis
ketemu.’
10 Ngandela, kaya mengkono uga
para malaékaté Allah bakal padha
bungah-bungah, yèn ana wong dosa siji
waé sing mratobat."
11 Gusti Yésus mbacutaké enggoné
ngandika: "Ana wong duwé anak lanang
loro.
12 Anak sing ragil matur marang
bapakné: ‘Bapak, keparenga kula
nyuwun bagéan kula saking sedaya

ingkang badhé panjenengan warisaken.’
Bapakné mau nuli mbagé barang
darbèké marang anaké loro.
13 Let sawetara dina menèh anak sing
ragil mau nuli ngedoli barang darbèké
sing dadi bagéané. Nuli lunga menyang
negara manca, dhuwité digawa kabèh.
Ana ing kana dhuwité diebrèh-ebrèh,
dienggo nguja kasenengané,
14 nganti dhuwité mau entèk ludhes.
Kacrita ing negara kono ana pailan
gedhé, mangka bocah mau wis ora duwé
apa-apa.
15 Mulané nuli mondhok ing omahé
wong pribumi, lan dikon nyambut-gawé
ana ing panggonané wong mau,
ngrumati babi.
16 Sarèhné ora diwènèhi pangan, bocah
mau kaliren. Kaya apa kepéngginé maregi
wetengé srana ampas, sisa pangané
babi. Éwasemono ora ana wong sing
mènèhi.
17 Bocah mau nuli éling marang
kaananané dhéwé lan nggrahita: ‘Buruhé
bapakku pirang-pirang, lan kabèh padha
bisa mangan sawaregé, mangka aku ana
ing kéné nganti kaliren.

[18] Apiké aku dakbali menyang dalemé bapak, karo matur: Bapak, kula sampun damel dosa dhateng Gusti Allah lan dhateng Bapak.

[19] Kula sampun mboten pantes kawastanan putranipun Bapak. Mugi dipun anggep berah kémawon.’

[20] Bocah mau nuli ngadeg, banjur mulih menyang omahé bapakné. Nalika isih adoh, bapakné wis weruh klédhangé anaké. Bapakné mau trenyuh atiné merga saka welasé. Anaké nuli diplayoni, banjur dirangkul lan diambungi.

[21] Bocah mau nuli matur: ‘Bapak, kula sampun nglampahi dosa dhateng Gusti Allah lan dhateng Bapak. Kula sampun mboten pantes kawastanan putranipun Bapak.’

[22] Nanging bapakné nimbali para abdiné lan didhawuhi mengkéné: ‘Énggal njupuka jubah sing apik dhéwé lan enggokna. Drijiné enggonana ali-ali, sarta sikilé enggonana sepatu.

[23] Nuli njupuka pedhèt sing lemu, sembelèhen. Ayo, kita padha nganakaké pésta.

24 Sebab anakku iki wis mati, saiki urip
menèh; wis ilang, saiki ketemu!' Banjur
wong saomah padha bungah-bungah.
25 Nalika semana anak sing mbarep isih
ana ing pategalan. Bareng mulih lan
saya cedhak ing omahé, krungu swarané
gamelan lan sindhénan.
26 Bocah mau nuli ngundang sawijining
abdi, sarta takon: 'Ing omah lagi ana
apa?'
27 Wangsulané abdi mau: 'Ndara, keng
rayi sampun wangsul! Pramila ingkang
Rama lajeng dhawuh mragat lembu
ingkang saé piyambak, awit putranipun
sampun wangsul kanthi wilujeng!'
28 Bareng krungu aturé abdi kuwi, anak
sing mbarep mau nepsu banget, lan ora
gelem mlebu omah. Bapakné nuli metu
nemoni sarta ngarih-arih anaké sing
nepsu mau.
29 Nanging anaké malah matur:
'Pinten-pinten taun laminipun kula
nyambut-damel setengah pejah kagem
Bapak, mekaten ugi kula mboten naté
mbangkang ing dhawuhipun Bapak.
Éwasemanten menapa Bapak naté
maringi menapa-menapa dhateng
kula? Ménda ingkang supados kénging

kula anggé bingah-bingah kaliyan kanca-kanca kula, setunggal kémawon mboten naté.
30 Nanging pun ragil menika sampun nelasaken bandhanipun Bapak sedaya kanggé nyundel, mangka saweg kémawon dhateng, Bapak sampun mragataken pedhèt leman kanggé piyambakipun.’
31 Bapakné nuli mangsuli: ‘Anakku, enggèr, kowé kuwi rak salawasé ana ing kéné karo aku. Déné apa saduwèkku kuwi rak iya duwèkmu.
32 Wektu iki wis samesthiné kita kabèh padha bungah-bungah, sebab adhimu wis mati urip menèh, wis ilang, ketemu!’"

16 1 Gusti Yésus ngandika marang para sekabaté: "Ana wong sugih duwé Juru-gedhong.[e] Wong sugih mau nampa wadulan yèn juru-gedhongé ngebrèh-ebrèh barangé bendarané.
2 Mulané nuli diundang lan dikandhani mengkéné: ‘Aku krungu bab tumindakmu sing ora bener. Saiki kowé gawéa lapuran bab mlebu metuné bandha sing dakprecayakaké marang kowé. Wiwit

---

[e]Juru-gedhong: Tiyang ingkang dipun pitados ngreksa raja-brana.

saiki kowé daklèrèni enggonmu dadi
juru-gedhongku.’
3 Wong mau nuli mikir: ‘Yèn aku
dilèrèni, banjur aku arep nyambut-gawé
apa? Macul, aku ora kuwat, mangka
ngemis aku isin.
4 Beciké ngéné waé. Yèn aku dilèrèni,
aku kudu duwé mitra akèh sing gelem
ngukup aku ana ing omahé!’
5 Juru-gedhong mau nuli ngundangi
saben wong sing duwé utang karo
bendarané. Wong sing kapisan ditakoni:
‘Utangmu marang bendaraku pira!’
6 Wangsulané sing ditakoni: ‘Lisah
zaitun satus drum.’ Juru-gedhong mau
nuli kandha marang sing utang mau:
‘Wis iki layangmu utang. Saiki linggiha,
gawéa layang utang liyané, lan énggal
tulisen sèket drum.’
7 Wong sing kapindho ditakoni: ‘Lha
kowé utangmu pira?’ Wangsulané
wong mau: ‘Gandum satus rembat.’
Juru-gedhong nuli kandha: ‘Enya iki
layangmu utang. Gawéa layang utang
liyané. Tulisen: wolung puluh pikul.’
8 Juru-gedhong mau dialem déning
bendarané, merga duwé akal sing
mengkono mau, sebab wong kadonyan

mono yèn ngurus apa-apa, akalé
ngungkuli para wong mursid."
9 Gusti Yésus nuli ngandika:
"Tembungku iki rungokna. Bandha
kadonyan kuwi enggonen golèk mitra,
supaya yèn bandha mau entèk, kowé
banjur ditampani ana ing omah sing
langgeng.
10 Sing sapa tumemen marang prekara
sing cilik, wong kuwi uga kena diprecaya
ing prekara sing gedhé. Nanging sing
sapa ora tumemen ing prekara sing cilik,
wong kuwi iya ora tumemen ing prekara
sing gedhé.
11 Dadi yèn kowé ora tumemen tumrap
bandha kadonyan iki, sapa sing bakal
mitayakaké marang kowé bandha
kaswargan?
12 Lan menawa kowé ora tumemen
tumrap barangé wong liya, sapa sing
arep mènèhaké barangmu marang
kowé?
13 Ora ana wong sing bisa ngrangkep
ngladèni bendara loro. Sebab wong mau
bakal sengit marang bendara sing siji,
lan nresnani marang bendara sijiné,
utawa setya marang bendara sing siji,
lan ngrèmèhaké marang bendara sijiné.

Kowé ora bisa ngawula marang Gusti
Allah lan uga ngawula marang Mamon."
14 Wong Farisi padha krungu apa sing
dingandikakaké déning Gusti Yésus mau
kabèh, mulané padha mèncep, sebab
wong-wong mau padha karem bandha.
15 Nanging Gusti Yésus ngandika
marang wong-wong mau: "Ana ing
ngarepaning manungsa kowé padha bisa
kandha yèn kowé kuwi bener, nanging
Gusti Allah pirsa apa sing ana ing jeroné
atimu. Sebab apa sing dianggep pinunjul
déning manungsa, kuwi dianggep asor
ana ing ngarsané Gusti Allah.
16 Angger-anggering Torèt lan Kitab-
kitabé para nabi kuwi mung kanggo
nganti tekan jamané Nabi Yohanes
Pembaptis, wiwit wektu kuwi Injil
Kratoné Allah diwartakaké ana ing
ngendi-endi. Lan wong padha ngudi
supaya bisa padha dadi umat ing Kratoné
Allah mau.
17 Langit lan bumi kuwi luwih gampang
olèhé sirna, ketimbang karo batalé titik
siji waé ing Angger-anggering Torèt.
18 Saben wong sing megat bojoné,
banjur rabi liyané, kuwi dadi laku jina;
lan wong lanang sing ngrabèni wong

wadon sing dipegat mau, kuwi iya laku
jina."
19 "Ana wong sugih sing tansah
menganggo sarwa éndah, uripé
sedina-dina méwah.
20 Lan ana wong ngemis jenengé
Lasarus. Lasarus mau awaké sekojur
gudhigen, nglésod ana ing régoling
omahé wong sugih mau.
21 Karepé supaya diparingi mangan
sisané, lorodan saka méjané wong sugih
mau. Nanging malah diparani asu-asu
sing nuli ndilati boroké Lasarus.
22 Ora wetara suwé Lasarus mati,
nuli nyawané digawa déning malaékat
menyang swarga, cedhak Rama
Abraham. Wong sugih mau uga mati, lan
dikubur.
23 Ana ing kono wong sugih mau
nandhang sangsara luwih banget.
Bareng ndeleng mendhuwur, wong
sugih mau weruh Rama Abraham saka
kadohan, lan Lasarus ana ing sisihé.
24 Wong sugih mau nuli nguwuh: ‘Dhuh,
Rama Abraham! Mugi kersa melasi
kula. Kersaa ngutus Lasarus nyelupaken
drijinipun wonten ing toya lan nètèsaken
toya wau wonten ing ilat kula, supados

asrep. Kula nandhang sangsara sanget
wonten ing latu murub menika!’
25 Nanging Rama Abraham mangsuli:
‘Élinga nggèr, nalika urip ana ing donya
kowé wis nampani samubarang sing
sarwa becik, mangka Lasarus mung
nampani sing sarwa ora kepénak. Saiki
gentèn Lasarus nèngkéné kepénak, lan
kowé nandhang ora kepénak.
26 Kejaba saka kuwi, ing antarané
aku lan kowé ana jurang sing ora kena
diliwati, supaya wong saka kéné ora bisa
mrono, lan wong saka kono ora bisa
mréné.’
27 Wong sugih mau nuli matur: ‘Menawi
mekaten, Rama, kula nyuwun kanthi
sanget kersaa Rama ngutus Lasarus
dhateng griyanipun bapak kula.
28 Sebab kula taksih gadhah sedhèrèk
gangsal. Mugi-mugi sedhèrèk-sedhèrèk
kula wau mbénjing mboten sami mlebet
ing papan kasangsaran menika.’
29 Nanging Rama Abraham mangsuli:
‘Sedulur-sedulurmu kuwi rak wis padha
duwé kitab-kitabé Nabi Musa lan para
nabi! Yakuwi sing kudu padha diturut!’
30 Éwasemono wong sugih mau isih
nyambungi: ‘O, Rama, menika mboten

cekap. Nanging menawi wonten tiyang
pejah ingkang gesang malih lan murugi
sedhèrèk-sedhèrèk kula wau, temtu
para sedhèrèk kula lajeng sami badhé
mratobat.’
31 Nanging Rama Abraham mangsuli
menèh: ‘Menawa sedulur-sedulurmu ora
padha gelem ngrungokaké piwulangé
Nabi Musa lan para nabi liyané, mesthi
iya ora bakal padha precaya, senajan
ana wong mati tangi saka ing pakuburan
lan ngandhani wong-wong mau.’"

17 1 Gusti Yésus ngandika marang
para muridé: "Tan kena ora
mesthi ana prekara-prekara sing njalari
wong tumiba ing dosa, nanging cilaka
banget wong sing mènèhi dhadhakan.
2 Luwih becik menawa wong sing
mengkono kuwi dikalungana watu
penggilingan, banjur dicemplungaké
ana ing segara. Luwih becik mengkono
ketimbang wong mau njalari wong-wong
sing precaya padha gawé dosa.
3 Mulané padha diawas! Menawa
sedulurmu gawé dosa, welèhna. Yèn
wong mau nggetuni dosané, apuranen.
4 Upama wong mau gawé keluputan
marang kowé nganti kaping pitu sedina

lan saben gawé keluputan marani kowé
lan muni: ‘Aku keduwung’, wong mau
apuranen."
5 Para rasul padha matur marang
Gusti Yésus: "Gusti! Kula sami nyuwun
tambahing pitados."
6 Gusti Yésus ngandika: "Yèn kowé
duwé pengandel sing gedhéné sawiji
sawi waé, kowé bisa akon wit anjir
iki: ‘Rungkada lan tumanceba ana ing
segara’, mesthi wit mau bakal manut
apa sing kokpréntahaké."
7 "Saupama ing antaramu ana sing
duwé batur, sing kokkongkon mluku
utawa angon wedhus, apa sabaliné batur
mau saka pegawéané nuli kokkandhani:
‘Gèk énggal mangana?’
8 Mesthi ora! Malah kowé bakal muni:
‘Aku tatakna mangan, nganggoa
sandhangan sing resik lan ngadhepa,
nunggonana enggonku mangan nganti
rampung; sawisé kuwi kowé mangana.’
9 Batur rak ora susah dialem merga
enggoné nglakoni pegawéan manut
préntahing bendarané?
10 Mengkono uga kowé. Yèn kowé
wis nglakoni kabèh sing didhawuhaké
marang kowé, kowé munia: ‘Aku iki

mung abdi lumrah, mung sadrema nglakoni kuwajibanku.’"
11 Nalika Gusti Yésus mbacutaké tindaké saka kutha Yérusalèm, Panjenengané ngliwati tapel watesé daérah Samaria lan daérah Galiléa.
12 Nalika Gusti Yésus mlebu ing sawijining désa, ana wong lara lépra sepuluh sowan marang Panjenengané. Wong-wong mau padha ngadeg,
13 sarta padha nguwuh-uwuh saka kadohan: "Rama Guru, kawula mugi Panjenengan welasi!"
14 Bareng Gusti Yésus pirsa wong-wong mau nuli ngandika: "Padha lungaa, awakmu padha priksakna marang imam." Sajroné padha mlaku, wong-wong mau padha waras.
15 Bareng ana salah siji sing weruh yèn wis waras, dhèwèké nuli bali karo memuji Asmané Allah klawan swara sora.
16 Wong mau nuli sujud ing ngarsané Gusti Yésus sarta ngaturaké panuwun. Wong mau wong Samaria.
17 Gusti Yésus nuli ngandika: "Apa ora wong sepuluh sing diwarasaké? Sing sanga ana ing ngendi?

18 Apa sebabé déné malah wong manca
kuwi sing bali lan ngaturaké panuwun
marang Gusti Allah?"
19 Gusti Yésus nuli dhawuh marang
wong Samaria mau: "Ngadega, muliha,
pangandelmu wis marasaké kowé."
20 Ana wong Farisi sawetara padha
nyuwun pirsa marang Gusti Yésus, bab
mbésuk kapan enggoné Gusti Allah
miwiti Kratoné. Gusti Yésus ngandika:
"Kratoné Allah kuwi ora diwiwiti srana
pretandha-pretandha sing katon,
21 sing nganti njalari wong muni: ‘Hé,
delengen, iki Kratoné Allah!’ utawa: ‘Lah,
kaé ana ing kana!’ Awit Kratoné Allah
kuwi ana ing sajroné atimu."
22 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli
ngandika marang para muridé: "Bakal
ana wektuné kowé padha kepéngin
nyipati dinaning Putrané Manungsa,
nanging ora bisa.
23 Mbésuk bakal ana wong sing kandha
marang kowé, ‘Delengen ana ing kana’,
utawa, ‘Delengen ana ing kéné!’ Kowé
aja nggugu banjur metu nggolèki.
24 Ya kaya kilat enggoné cumlèrèt ing
langit saka sisih kéné tekan sisih kana,

iya kaya mengkono bakal kaanané
dinaning Putrané Manungsa.
25 Nanging Panjenengané kudu
nandhang sangsara dhisik lan ditampik
déning wong-wong jaman saiki.
26 Padha kaya kaanané nalika jamané
Nabi Nuh, kaya mengkono uga mbésuk
kaanané jamané Putrané Manungsa.
27 Wong bakal mangan lan ngombé,
padha omah-omah lan mengkono
saterusé, nganti tekan dinané Nabi Nuh
mlebu ing prauné lan banjiré teka, sarta
matèni wong-wong kabèh mau.
28 Uga kaya dhèk jamané Lut. Wong
padha mangan lan ngombé, dol-tinuku,
nenandur lan gawé omah.
29 Nanging nalika Lut metu saka kutha
Sodom, ing dina kuwi uga geni lan
welirang tumurun saka langit ngobong
wong kabèh.
30 Kaya mengkono uga mbésuk bakal
kaanané dina ngetingalé Putrané
Manungsa.
31 Wong sing ing dina kuwi ana ing
payoné omah, aja medhun mlebu ing
omah njupuk barang-barangé saka ing
kono. Semono uga wong sing lagi ana
ing pategalan, aja padha bali ing omahé.

32 Padha élinga marang apa sing
kedadéan tumrap bojoné Lut.
33 Sing sapa ngudi arep nylametaké
uripé, wong kuwi bakal kélangan urip
sing sejati. Nanging sing sapa kélangan
uripé, malah bakal nampa urip sing
sejati.
34 Ngandela Aku. Ing bengi kuwi
yèn ana wong loro sing turu ana ing
peturon, sing siji bakal kajupuk lan sijiné
ditinggal.
35 Yèn ana wong wadon loro sing lagi
padha nggiling gandum, sing siji bakal
dijupuk lan sing sijiné ditinggal.
36 [Yèn ana wong loro sing lagi ana ing
pategalan, sing siji bakal dijupuk, lan
sijiné ditinggal.]"
37 Para murid padha nyuwun pirsa:
"Wonten ing pundi, Gusti?" Pangandikané
Gusti Yésus: "Ing ngendi ana bathang,
ing kono manuk gagak padha ngrompol."

18

1 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli
maringaké pasemon marang para
sekabaté, sing maksudé supaya tansah
padha ndedonga lan aja padha semplah.
2 Gusti Yésus ngandika: "Ing sawijining
kutha ana hakim sing ora wedi karo
Gusti Allah lan ora mreduli karo wong.

3 Ing kutha kono uga ana randha sing
bola-bali nekani hakim mau lan nyuwun
kaadilan tumrap enggoné prekaran,
aturé: ‘Anggèn kawula prekawisan
kaliyan tiyang menika mugi panjenengan
réncangi.’
4 Nganti sawetara lawasé hakim mau
ora gelem mbiyantu. Nanging wekasané
hakim mau nggagas mengkéné:
‘Senajan aku ora wedi karo Gusti Allah,
lan ora preduli karo wong,
5 nanging merga randha iki pijer
teka waé ngganggu aku, luwih becik
prekarané nuli dakadilané, supaya wong
kuwi ora bola-bali teka lan wekasané
ngamuk aku.’"
6 Pangandikané Gusti Yésus: "Padha
titènana apa sing dikandhakaké déning
hakim sing sewenang-wenang mau!
7 Yèn umaté Allah rina wengi padha
nyuwun tulung, apa Gusti Allah ora
nuli bakal paring adil marang umaté
mau? Apa Panjenenganè arep nyenyuwé
enggoné paring pitulungan?
8 Ngandela, Panjenenganè bakal énggal
paring adil! Nanging menawa Putrané
Manungsa mbésuk rawuh, apa ing

bumi kéné isih ana wong sing duwé
pengandel?"
9 Gusti Yésus nuli maringaké pasemon
sing katujokaké marang wong-wong
sing nganggep awaké dhéwé sampurna,
sarta ngrèmèhaké wong liya.
10 Pangandikané: "Ana wong loro padha
mlebu ing Pedalemané Allah, arep
ndedonga. Sing siji wong Farisi, lan sing
sijiné pegawé pajeg.
11 Wong Farisi mau ngadeg ing
panggonan sing gampang katon ing
wong lan ndedonga mengkéné: ‘Dhuh
Allah, kawula ngaturaken panuwun
dhateng Panjenengan, awit kawula
mboten sami kaliyan tiyang-tiyang sanès
ingkang srakah, ingkang remen ngapusi,
ingkang lampah jina, lan mboten sami
kaliyan pegawé pajeg menika.
12 Saben seminggu kula siyam kaping
kalih, sarta saprasedasanipun pamedal
kawula, kawula sedhekahaken.’
13 Nanging pegawé pajeg mau ngadeg
ana ing kadohan, malah ndangak waé
ora wani, mung tebah-tebah dhadha,
sarta matur mengkéné: ‘Dhuh Allah,
kawula tiyang dosa, mugi Panjenengan
welasi.’"

14 "Ngandela, saungkuré saka ing
papan kono, pegawé pajeg mau sing
pandongané ketrima déning Gusti Allah,
dudu wong Farisi mau. Awit saben wong
sing ngluhuraké awaké dhéwé, bakal
diasoraké, déné wong sing ngasoraké
awaké dhéwé, kuwi bakal diluhuraké."
15 Nuli ana wong sing padha teka
nyowanaké anaké sing isih cilik-cilik
marang ngarsané Gusti Yésus, supaya
padha ditumpangi asta sarta diberkahi.
Bareng weruh sing mengkono mau
para sekabat padha nepsu marang
wong-wong mau.
16 Nanging Gusti Yésus nimbali wong-
wong sing padha arep nyowanaké
anak-anaké mau sarta ngandika:
"Karebèn bocah-bocah kuwi marek
marang Aku, awit wong sing kaya bocah
kuwi sing padha dadi umat ing Kratoné
Allah.
17 Élinga, wong sing pambangun-turuté
ora kaya bocah cilik iki, ora bisa dadi
umat ing Kratoné Allah."
18 Ana sawijining panuntuné wong
Yahudi nyuwun pirsa marang Gusti
Yésus: "Guru ingkang utami; menapa

ingkang kedah kula lampahi, supados
angsal gesang ingkang sejatos?"
19 Pangandikané Gusti Yésus: "Yagéné
kowé ngarani Aku utama? Ora ana wong
siji waé sing utama, sing utama kuwi
mung Gusti Allah piyambak.
20 Kowé mesthiné wis ngerti surasané
angger-angger: ‘Kowé aja laku
jina; kowé aja mematèni; kowé aja
nyenyolong; kowé aja goroh; lan
ngajènana marang bapak lan ibumu!’"
21 Wong mau mangsuli: "Kasinggihan.
Sedaya pepakèning angger-angger wau
sampun kula lampahi wiwit alit mila."
22 Nalika mireng wangsulan mau Gusti
Yésus nuli ngandika: "Isih ana saprekara
sing kudu koklakoni: Kabèh saduwèk-
duwèkmu edolana, lan edum-edumna
marang wong miskin, temah kowé bakal
olèh bandha ana ing swarga. Sawisé
kuwi nuli mrénéa mèlua Aku."
23 Bareng krungu pangandika sing
mengkono mau, wong kuwi sedhih, awit
dhèwèké sugih banget.
24 Bareng Gusti Yésus pirsa yèn wong
mau sedhih banget, nuli ngandika: "Iba
angèlé wong sugih dadi kawula ing
Kratoné Allah!

25 Luwih gampang unta mlebu ing bolonganė dom, tinimbang wong sugih dadi kawula ing Kratoné Allah."
26 Wong-wong sing padha ngrungokaké pangandikané Gusti Yésus mau nuli padha nyuwun pirsa: "Menawi mekaten sinten ingkang saged wilujeng?"
27 Pangandikané Gusti Yésus: "Apa sing tumrapé manungsa mokal, kuwi tumrapé Gusti Allah ora mokal."
28 Pétrus nuli matur: "Kawula sampun sami nilar balé griya kawula sarta ndhèrèk Panjenengan."
29 Pangandikané Gusti Yésus: "Kuwi bener! Ngandela, saben wong sing ninggal omahé, utawa bojoné, utawa seduluré, utawa bapak lan ibuné, utawa anak-anaké, merga enggoné ngabdi lan mbangun-turut marang dhawuhé Kratoné Gusti Allah,
30 wong kuwi mesthi bakal nampani ganjaran tikel-matikel ing jaman saiki, lan nampani urip langgeng ing jaman akir."
31 Gusti Yésus nuli nimbali sekabaté rolas, diajak misah, sarta dipangandikani: "Padha titènana! Kita saiki padha lunga menyang kutha

Yérusalèm, lan kabèh sing wis ditulis
déning para nabi bab Putrané Manungsa
bakal kelakon.
32 Panjenengané bakal dipasrahaké
marang wong sing dudu bangsa
Yahudi, lan bakal disawenang-wenang,
disiya-siya lan diidoni.
33 Panjenengané bakal disiksa lan
disédani; nanging ing dina katelune
Panjenengané bakal wungu menèh."
34 Nanging para sekabat ora nyandhak
babar-pisan, apa tegesé pangandika
mau kabèh, awit pancèn kagawé samar
tumraping para sekabat, nganti padha
ora ngerti sing satemené.
35 Nalika tindaké Gusti Yésus wis mèh
tekan kutha Yérikho, ana wong wuta
lungguh ing pinggir dalan karo ngemis.
36 Bareng wong wuta mau krungu
swarané wong akèh padha liwat ing
kono, nuli takon: "Ana apa ta?"
37 Ana wong sing mangsuli: "Guru
Yésus, saka Nasarèt, lagi langkung."
38 Wong wuta mau nuli nguwuh-uwuh:
"Gusti Yésus tedhakipun Sang Prabu
Dawud! Kawula mugi Panjenengan
welasi!"

39 Wong-wong sing ana ing ngarepé
padha nyendhu, akon meneng. Nanging
wong wuta mau malah saya seru
panguwuhé: "Gusti, putranipun Sang
Prabu Dawud, kawula mugi Panjenengan
welasi!"
40 Gusti Yésus nuli mandheg, lan
dhawuh supaya wong wuta mau dituntun
marek ing ngarsané. Sawisé tekan ing
ngarsané Gusti Yésus, Gusti nuli ndangu:
41 "Aku kokkon nindakaké apa marang
kowé?" Wong wuta mau mangsuli:
"Gusti, kawula kepéngin saged
sumerep."
42 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong mau: "Ya, kowé ndelenga.
Pangandelmu sing marasaké kowé."
43 Sanalika iku uga wong wuta mau bisa
ndeleng, nuli ndhèrèkaké tindaké Gusti
Yésus, karo memuji marang Pangéran.
Kabèh wong sing nyipati lelakon mau iya
nuli padha memuji marang Gusti Allah.

19 1 Gusti Yésus banjur mlebu ing
kutha Yérikho, tindak nratas ing
kutha kono.
2 Ing kutha Yérikho kono ana wong
jenengé Zakhéus, kepala pegawé pajeg,
sing sugih.

3 Zakhéus mau kepéngin banget weruh
Gusti Yésus, nanging dedegé cendhèk.
Sarèhné kaling-kalingan wong akèh,
dadiné ora tau bisa weruh Gusti Yésus.
4 Mulané Zakhéus mlayu ndhisiki lakuné
wong-wong akèh, nuli mènèk ing wit
anjir, supaya bisa weruh sing bakal
langkung kono.
5 Bareng Gusti Yésus tindaké tekan
ing panggonan kono, Panjenenganė
ndhangak mirsani ing wit anjir, sarta
ngandika marang Zakhéus: "Zakhéus,
énggal mudhuna! Awit ing dina iki Aku
arep mampir ing omahmu."
6 Zakhéus banjur énggal-énggal
mudhun lan mbagèkaké Gusti Yésus
klawan bungah.
7 Wong kabèh sing padha weruh lelakon
kuwi padha pating kedumel lan muni:
"Lho, Panjenenganė kokkersa mertamu
ana ing omahé wong ala!"
8 Zakhéus nuli ngadeg, sarta matur
marang Gusti Yésus: "Gusti, bandha
kawula ingkang sepalih badhé kawula
sedhekahaken dhateng tiyang miskin;
lan sinten kémawon ingkang naté kawula
apusi bandhanipun, badhé kawula
wangsulaken tikel sekawan."

9 Gusti Yésus nuli ngandika marang
Zakhéus: "Dina iki Gusti Allah nampani
kowé lan brayatmu kabèh. Kowé kuwi
uga anak-turuné Rama Abraham.
10 Awit Putraning Manungsa kuwi tekané
nggolèki lan nylametaké wong-wong
sing ketriwal."
11 Nalika semana tindaké Gusti Yésus
wis mèh tekan kutha Yérusalèm. Akèh
wong sing padha ngira, yèn Kratoné
Allah sedhéla menèh bakal kebabar ana
ing donya.
12 Mulané Gusti Yésus nuli maringi
pasemon marang wong sing padha
ngrungokaké piwulangé. Pangandikané:
"Ana priyayi luhur lunga menyang ing
negara adoh, arep ditetepaké dadi ratu
ana ing kana; sawisé kuwi bakal bali
menèh.
13 Sadurungé priyayi luhur mau
mangkat, nimbali abdiné sepuluh. Saben
abdi siji dipasrahi dhuwit mas sedinar.
Welingé: ‘Dhuwit iki enggonen dagang
nganti satekaku.’
14 Sarèhné rakyaté negara kono padha
sengit marang panjenengané, mula
padha nusuli kongkonan, padha dikon

matur: ‘Kawula mboten purun dipun
erèh tiyang menika.’
15 Sawisé priyayi luhur mau ditetepaké
dadi ratu, nuli bali menyang negarané.
Panjenenganè nuli nimbali para abdiné
sing biyèn padha dipasrahi dhuwit,
didhawuhi sowan, awit panjenenganè
kepéngin pirsa bebathèné siji-sijiné.
16 Abdi sing kapisan sowan matur:
‘Ndara, kula sampun angsal bathi sedasa
dinar saking arta ingkang kula tampi
saking Panjenengan.’
17 Pangandikané bendarané: ‘Sukur,
kowé abdi becik! Sarèhné kowé kena
diprecaya tumrap prekara sing cilik, saiki
kowé dakangkat ngerèh kutha sepuluh.’
18 Abdi sing kapindho sowan, aturé:
‘Ndara, saking arta mas sedinar, ingkang
Panjenengan paringaken dhateng kula,
kula sampun angsal bebathèn gangsal
dinar.’
19 Bendarané nuli ngandika: ‘Sukur,
saiki kowé bakal dakpasrahi ngerèh
kutha lima.’
20 Abdi sing katelu sowan lan matur:
‘Ndara, menika arta Panjenengan,
ingkang kula bundheli ing kacu lan kula
simpen.

21 Kula ajrih dhateng Panjenengan,
margi ngertos bilih Panjenengan
menika priyantun ingkang kereng.
Panjenengan mundhut barang ingkang
sanès kagungan Panjenengan, sarta
ngundhuh saking taneman ingkang
mboten Panjenengan tanem.'
22 Bendara mau nuli ngandika marang
wong mau: 'Kowé abdi sing ala, kowé
bakal dakukum miturut tembungmu
dhéwé. Kowé wis ngerti yèn aku iki
wong kereng, sing njupuk apa sing dudu
duwèkku, lan sing ngundhuh tanduran
sing ora daktandur.
23 Yèn nyata mengkono, yagéné dhuwit
kuwi ora koksimpen ana ing bank,
supaya sabaliku, aku bisa nampa
dhuwitku saanakané?'
24 Banjur ngandika marang wong sing
padha ana ing kono: 'Dhuwit sing ana
ing wong kuwi jupuken lan wènèhna
marang wong sing wis nggawa sepuluh
dinar mau.'
25 Wong-wong mau padha matur:
'Ndara, tiyang menika rak sampun
mbekta sedasa dinar?'
26 Wangsulané raja mau: 'Élinga,
wong sing ikhtiyar supaya duwé, bakal

diwènèhi, nanging wong sing ora
gelem ikhtiyar wong kuwi dalah barang
sethithik sing diduwèni, bakal kajupuk.
27 Lan saiki, parakna mréné kabèh
satru-satruku sing padha ora seneng yèn
aku dadi ratuné. Wong-wong kuwi padha
patènana ana ing ngarepku!’"
28 Sawisé Gusti Yésus ngandikakaké
kuwi mau kabèh, Panjenengan nuli
tindak ngrumiyini wong-wong mau
menyang kutha.
29 Bareng wis tekan sacedhaké désa
Bètfagé lan désa Bètani sing dunungé
ana ing Gunung Zaitun, Gusti Yésus
ngutus sekabaté loro ndhisiki tindaké.
30 Gusti Yésus dhawuh: "Kowé lungaa
menyang désa ngarep kuwi. Kowé bakal
weruh belo kuldi, sing dicencang. Belo
kuwi durung tau ditunggangi wong. Belo
mau uculana lan gawanen mréné."
31 Yèn ana wong takon: ‘Yagéné
kokkokuculi?’ wangsulana: ‘Gusti sing
arep ngagem.’
32 Para sekabat loro sing diutus ndhisiki
tindaké mau nuli padha mangkat. Lan
apa sing didhawuhaké déning Gusti
Yésus mau cocog karo kaanané.

33 Nalika para sekabat mau lagi
padha nguculi taliné, sing duwé belo
ngaruh-aruhi: "Yagéné belo kuwi
kokuculi?"
34 Para sekabat nuli padha mangsuli:
"Gusti ingkang ngersakaken ngagem."
35 Belo mau banjur dituntun menyang
ing ngarsané Gusti Yésus. Para sekabat
mau nuli nyopot jubahé, banjur
dilarapaké ana ing gegeré kuldi. Gusti
Yésus nuli diangkat lan dilenggahaké
ana ing kuldi mau.
36 Sawisé tindak, para sekabaté padha
njèrèng jubahé ana ing dalan sing
dilangkungi.
37 Bareng wis cedhak karo kutha
Yérusalèm, ing dalan kang mudhun saka
Gunung Zaitun, para muridé Gusti Yésus
kabèh nuli padha giyak-giyak klawan
sora, memuji Asmané Gusti Allah, merga
saka sakèhing mujijat, sing padha
dideleng.
38 Wong-wong mau padha nguwuh:
"Binerkahana ratu ingkang rawuh ing
Asmanipun Pangéran. Tentrem rahayu
wonten ing swarga, lan kamulyan konjuk
ing Allah!"

39 Wong Farisi sawetara sing ana ing
antarané wong akèh mau nuli matur
marang Gusti Yésus: "Guru, para murid
menika mugi Panjenengan dhawuhi
mèndel!"
40 Nanging pangandikané: "Yèn wong-
wong kuwi meneng, watu-watu iki sing
bakal giyak-giyak."
41 Bareng Gusti Yésus tindaké saya
cedhak karo kutha Yérusalèm lan pirsa
kutha mau, Panjenenganė muwun.
42 Pangandikané: "Adhuh, saiba beciké,
yèn ing dina iki kowé nyumurupi apa
sing sanyatané kokbutuhaké kanggo
katentremanmu! Nanging tekan saiki
kowé durung weruh.
43 Bakal tekan wektuné, mungsuhmu
padha gawé jagragan pirang-pirang
kanggo ngepung kowé lan nyerang kowé
saka ing ngendi-endi.
44 Mungsuh-mungsuhmu kuwi bakal
nggempur kowé nganti rata karo
lemah, bareng karo rakyatmu kabèh.
Mungsuhmu bakal ora nglestarèkaké
watu siji waé tumumpang ana ing watu
liyané, sebab kowé ora nggatèkaké
rawuhé Gusti Allah enggoné arep
nylametaké kowé!"

45 Gusti Yésus banjur mlebu ing
Pedalemané Allah lan nundhungi para
wong sing padha dodolan ana ing kono.
46 Pangandikané: "Ing Kitab Suci ana
tulisan: ‘Pedaleman-Ku kuwi omah
pamujan,’ nanging panggonan suci iki
kokdadèkaké susuhé maling."
47 Gusti Yésus saben dina memulang
ana ing Pedalemané Allah. Para
pengareping imam, para ahli Torèt lan
para panuntuning bangsa Yahudi padha
golèk réka supaya olèh dhadhakan
bisané nyédani Gusti Yésus.
48 Nanging wong-wong mau padha ora
bisa tumindak apa-apa, sebab rakyat
tansah padha kepéngin ngrungokaké
piwulangé sarta padha kepranan banget
marang Panjenengané.

20 1 Sawijining dina Gusti Yésus
memulang, martakaké Injil
marang wong akèh ana ing Pedalemané
Allah. Para pengareping imam, para
ahli Torèt lan panuntuné bangsa Yahudi
padha sowan,
2 sarta matur marang Gusti
Yésus: "Guru, Panjenengan kersaa
maringi ketrangan, saking pundi
wewenang Panjenengan nindakaken

sedaya prekawis menika? Sinten
ingkang nyukani wewenang dhateng
Panjenengan?"
3 Gusti Yésus ngandika: "Aku uga
kepéngin takon marang kowé. Coba
kandhaa,
4 sapa sing mènèhi wewenang marang
Nabi Yohanes mbaptisi wong, Gusti Allah
apa manungsa?"
5 Wong-wong mau nuli padha
rembugan. Sing siji kandha karo sijiné:
"Kepriyé enggon kita arep mangsuli?
Yèn kita kandha: ‘Saking Gusti Allah,’
Panjenengané bakal ngandika: ‘Yèn
mengkono yagéné kowé padha ora
precaya marang Nabi Yohanes?’
6 Nanging yèn kita kandha: ‘Saking
manungsa’, kita bakal dibalangi watu
déning wong akèh iki, sebab wong kuwi
kabèh nganggep Yohanes kuwi nabi."
7 Dadi wong-wong mau nuli padha
mangsuli marang Gusti Yésus: "Kula
mboten ngertos."
8 Mulané Gusti Yésus nuli ngandika
marang wong-wong mau: "Yèn
mengkono, kowé iya ora Dakkandhani,
saka ngendi asalé wewenang-Ku
nindakaké iki mau kabèh."

9 Gusti Yésus maringi pasemon marang
wong-wong mau mengkéné: "Ana
wong duwé kebon anggur. Kebon mau
diséwakaké marang wong tani sawetara.
Sing duwé kebon mau nuli lunga adoh,
lan manggon ana ing kana nganti suwé.
10 Bareng wis wektuné ngundhuh, sing
duwé kebon mau kongkonan baturé
nemoni wong-wong sing padha nggarap
kebon, njaluk bagéané saka asilé.
Nanging wong sing dikongkon mau
dipenthungi déning wong sing padha
nggarap, lan kongkonan kuwi bali tanpa
nggawa apa-apa.
11 Wong sing duwé kebon mau banjur
kongkonan menèh batur liyané; nanging
kongkonan kuwi iya dipenthungi,
disepèlèkaké lan disewenang-wenang
déning para penggarap, lan dikon bali
tanpa nggawa apa-apa.
12 Sing duwé kebon mau kongkonan
batur menèh sing kaping teluné. Nanging
kongkonan kuwi uga dipenthungi, nuli
dibuwang ing sanjabané kebon.
13 Pungkasané sing duwé kebon mau
mikir: ‘Saiki beciké kepriyé? Aku
dakkongkonan anakku dhéwé, sing

dakkasihi. Mesthiné wong-wong kuwi
bakal padha éring marang anakku!’
14 Nanging tan kocapa, bareng para
penggarap mau weruh anaké sing
duwé kebon teka, nuli padha sarembug
mengkéné: ‘Anaké sing duwé kebon iki
beciké dipatèni waé, supaya kita olèh
warisané!’
15 Wong-wong mau nuli nyèrèd anaké
sing duwé kebon mau ana ing sanjabané
kebon, nuli dipaténi." Gusti Yésus
nuli ndangu marang wong-wong sing
lagi padha ngrungokaké: "Saiki para
penggarap mau bakal dikapakaké déning
wong sing duwé kebon?
16 Wis mesthi wong sing duwé kebon
anggur bakal teka lan numpes para
penggarap, sarta nyéwakaké kebon
angguré marang wong liya." Bareng
krungu pangandikané Gusti Yésus
mengkono mau, wong sing padha
ngrungokaké nuli padha matur:
"Ingkang mekaten menika mboten
badhé kelampahan!"
17 Gusti Yésus mirsani marang wong-
wong mau, sarta ngandika: "Yèn
mengkono apa tegesé ayat iki: ‘Watu
sing ditampik déning para ahli gawé

omah, merga dianggep ora ana gunané,
jebul kuwi watu sing ketitik becik dhéwé.'
18 Sing sapa tiba ing watu mau, bakal
ajur mumur, lan sing sapa ketiban watu
kuwi, bakal remuk dadi lebu."
19 Para ahli Torèt lan para pengareping
imam ngerti yèn pasemon mau
ditujokaké marang dhèwèké. Mulané
padha kepéngin nyekel Gusti Yésus
sanalika iku uga, nanging padha wedi
marang wong akèh.
20 Niyaté mau banjur diwurungaké,
ngentèni wektu sing becik. Wong-wong
mau nuli padha mbeseli wong séwan
sawetara, dikongkon éthok-éthok
tumindak kaya wong mursid lan
ngajokaké pitakonan-pitakonan marang
Gusti Yésus, kanggo nyengkolong[f]
Panjenengané, temah olèh alasan
kanggo nyekel, supaya ditahan déning
Gubernur.
21 Wong-wong séwan nuli matur marang
Gusti Yésus: "Guru, kula mangertos
bilih menapa ingkang Panjenengan
ngendikakaken lan Panjenengan
wucalaken menika sedaya leres. Kula
inggih sami mangertos bilih Panjenengan

---

[f]nyengkolong: menjebak (bhs. Ind.).

menika mboten ngéloni sinten-sinten,
sarta ngemungaken mucalaken menapa
ingkang dados kersanipun Gusti Allah
tumrapipun manungsa.
22 Samenika kula badhé nyuwun pirsa:
Manut agami kita, mbayar pajeg dhateng
Kaisar ing Rum menika kénging menapa
mboten?"
23 Gusti Yésus ora kekilapan marang
kajuligané wong mau, mulané banjur
ngandika:
24 "Aku tuduhana dhuwit pérak. Ing
kono ana gambaré sapa lan ana tulisané
apa?" Wangsulané sing padha didangu:
"Gambaripun lan seratanipun Kaisar!"
25 Pangandikané Gusti Yésus: "Yèn
mengkono, caosna marang Kaisar
apa sing dadi kagunganè Kaisar, lan
caosna marang Gusti Allah apa sing dadi
kagunganè Gusti Allah."
26 Srana mengkono ketitik yèn wong-
wong séwan mau ora bisa nyengkolong
Gusti Yésus ana ing ngarepaning
wong akèh. Wong-wong mau padha
blangkemen sarta kaéraman.
27 Ana wong Saduki sawetara, yakuwi
wong-wong sing padha ora precaya
marang petangèné wong mati, padha

sowan marang Gusti Yésus. Wong mau
padha takon:
28 "Guru, Nabi Musa sampun maringi
angger-angger dhateng kita sedaya,
mekaten: ‘Menawa ana wong duwé
sedulur lanang tinggal-donya, mangka
ora ninggal anak, nanging randhané
isih urip, seduluré mau wajib ngrabèni
randha sing ditinggal mati mau, supaya
bisa nukulaké turun kanggo sing
tinggal-donya mau.’
29 Kelampahan wonten tiyang pitu
sasedhèrèk. Ingkang mbajeng émah-
émah, nanging lajeng tilar-donya, tanpa
nilar anak.
30 Randhanipun lajeng dipun ningkah
déning adhinipun, inggih menika anak
ingkang nomer kalih.
31 Lajeng kaningkah ugi déning ingkang
nomer tiga. Mekaten salajengipun
ngantos tiyang pitu sasedhèrèk wau
sampun naté ningkah kaliyan tiyang èstri
wau, nanging sami pejah lan mboten
nilar anak.
32 Wekasanipun tiyang èstri wau inggih
lajeng pejah.
33 Lajeng kados pundi menggah
tiyang èstri menika mbénjing ing

dinten petangènipun tiyang pejah?
Piyambakipun lajeng dados sémahipun
sinten? Sebab tiyang jaler pitu
sasedhèrèk wau sedaya sampun naté
neningkahan kaliyan piyambakipun."
34 Gusti Yésus ngandika: "Wong lanang
lan wong wadon sing padha urip ing
donya kéné padha neningkahan,
35 nanging wong lanang lan wong wadon
sing tinemu pantes ditangèkaké saka ing
pati, lan urip ing jaman kalanggengan,
kuwi padha ora omah-omah.
36 Kaananané mau kaya malaékat, sebab
wong-wong mau ora padha mati menèh.
Wong-wong mau padha dadi putrané
Allah, merga wis padha ditangèkaké.
37 Nabi Musa dhéwé nyebutaké klawan
cetha yèn wong mati bakal katangèkaké
menèh. Ing tulisané, sing nyebutaké
bab grumbul eri sing murub kuwi,
panjenengané nyebut Gusti Allah ‘Allahé
Abraham, Iskak lan Yakub.’
38 Gusti Allah kuwi dudu Allahé wong
mati, nanging Allahé wong urip! Sebab
tumrapé Gusti Allah, wong-wong kuwi
mau kabèh padha urip."

39 Ana para ahli Torèt sawetara sing
matur: "Wangsulan Panjenengan menika
saé sanget, Guru."
40 Sebab wong-wong mau wis ora wani
takon apa-apa menèh marang Gusti
Yésus.
41 Gusti Yésus ndangu marang wong-
wong mau: "Kepriyé déné wong kokbisa
ngarani Sang Kristus kuwi tedhaké Sang
Prabu Dawud?
42 Mangka Sang Prabu Dawud dhéwé
ana ing Kitab Masmur ngandika
mengkéné: ‘Dhawuhé Pangéran
marang Gustiku: Sira lenggaha ana ing
tengen-Ku.
43 Nganti tekan wektuné mungsuhmu
padha Daktelukaké marang kowé.’
44 Menawa Sang Prabu Dawud nyebut
Panjenenganè ‘Gusti’, kepriyé déné Sang
Mèsias kuwi uga dadi tedhaké?"
45 Nalika wong kabèh isih padha
ngrungokaké, Gusti Yésus ngandika
marang sekabaté:
46 "Padha diawas karo para ahli Torèt.
Wong-wong kuwi padha seneng nganggo
jubah landhung lan seneng diurmati
déning wong-wong ana ing pasar-pasar.

Wong-wong kuwi padha seneng milih
papan sing kajèn ana ing pésta-pésta.
47 Wong-wong iki padha ngrampas
omahé randha-randha, banjur mamèraké
kamursidané srana ndedonga nganti
suwé banget. Wong-wong mau mesthi
bakal diukum luwih déning abot."

21 1 Ana ing Pedalemané Allah
kono Gusti Yésus pirsa wong
sugih-sugih padha nglebokaké dhuwit
ana ing pethi pisungsung.
2 Nuli Panjenenganè iya pirsa ana
randha miskin sing nglebokaké
pisungsung dhuwit cilik rong iji.
3 Gusti Yésus nuli ngandika: "Setitèkna!
Randha miskin kuwi pisungsungé luwih
akèh ketimbang karo wong-wong liyané.
4 Sebab wong liya-liyané mau
enggoné pisungsung dijupukaké saka
kalubèraning kasugihané. Nanging wong
randha miskin misungsungaké kabèh
dhuwit sing diduwèni, sing prelu kanggo
nyambung uripé dhéwé."
5 Ana wong sawetara padha rasanan
bab kaéndahané Pedalemané Allah,
enggoné direngga-rengga nganggo
watu-watu sing becik banget, sarta
barang rupa-rupa sing dipisungsungaké

marang Gusti Allah. Gandhèng karo
gunem sing mengkono mau, Gusti Yésus
ngandika:
6 "Mbésuk bakal kelakon, kabèh sing
kokdeleng iku lebur, nganti ora ana watu
siji waé sing lestari tumumpang ana ing
watu liyané!"
7 Wong mau padha nyuwun pirsa
marang Gusti Yésus: "Guru,
mbénjing menapa prekawis wau
badhé kelampahan?"
8 Pangandikané Gusti Yésus: "Sing
padha awas, supaya kowé aja nganti
kena disasaraké déning wong! Sebab
akèh wong sing bakal teka nganggo
jeneng-Ku. Wong-wong mau bakal
padha muni: ‘Aku iki Sang Kristus!, lan
saiki wis tekan wektuné.’ Aja padha
nggugu.
9 Kowé aja padha wedi, yèn
krungu kabar bab peperangan lan
pembrontakan. Sebab kabèh mau wis
pinesthi kudu kelakon dhisik. Nanging
kuwi ora ateges yèn wis tekan wekasané
jaman."
10 Gusti Yésus nuli nerusaké
pangandikané: "Bangsa-bangsa

bakal campuh perang, negara sing siji
nglawan negara sijiné.
11 Ing ngendi-endi bakal ana lindhu
sing nggegirisi, ana pailan lan pageblug.
Uga bakal ana prekara-prekara sing
nggegirisi lan pretandha-pretandha sing
ngédab-édabi saka langit.
12 Nanging sadurungé kabèh mau
kelakon, kowé bakal dicekel lan dianiaya.
Kowé bakal padha diadili ana ing
papan-papan pangibadah lan dilebokaké
ana ing pakunjaran. Kowé bakal dilarak
lan diladèkaké ana ing ngarepé para ratu
lan para pangwasa, merga saka Aku.
13 Kuwi wewengan kanggo kowé
nglairaké paseksimu bab Injiling
Pangéran.
14 Padha mantepa ing ati! Kowé ora
susah kuwatir bab wangsulan sing kudu
kokaturaké kanggo mbélani awakmu.
15 Sebab Aku dhéwé sing bakal maringi
tembung lan kabisan kuwi marang
kowé, nganti mungsuhmu ora bakal bisa
ngunggahi utawa mbantah marang apa
sing kokkandhakaké.
16 Kowé bakal diulungaké déning bapak
lan ibumu, déning sedulur-sedulurmu,
lan déning kanca-kancamu. Ana

panunggalanmu sawetara sing bakal
dipatèni déning mungsuhmu.
17 Kowé bakal disengiti déning wong
kabèh merga saka Aku.
18 Nanging rambutmu saeler waé ora
bakal ana sing kalong.
19 Yèn kowé tetep precaya lan sabar,
kowé bakal slamet."
20 "Yèn kowé weruh kutha Yérusalèm
dikepung déning wadyabala, padha
ngertia, yèn ora suwé menèh kutha
Yérusalèm mau bakal disirnakaké.
21 Ing wektu kuwi wong-wong ing
tanah Yudéa padha ngungsia menyang
pegunungan. Wong-wong sing ana ing
kutha padha metua saka kutha, lan
wong-wong sing ana njaba kutha aja
padha mlebu ing kutha.
22 Sebab dina-dina kuwi diarani
'Dinaning Paukuman', supaya kelakon
apa sing wis ditulis ana ing Kitab Suci.
23 Mesakaké temen wong wadon sing
lagi padha meteng, lan sing lagi padha
réwang bayi! Sebab negara kuwi bakal
ngalami kasusahan gedhé, merga Gusti
Allah bakal ngukum bangsa iki.
24 Ana wong sing bakal dipatèni klawan
pedhang, ana uga sing padha bakal

diboyong menyang negara-negara
manca; lan wong-wong sing ora wanuh
marang Gusti Allah bakal ngicak-icak
kutha Yérusalèm, nganti tekan wektu
sing wis ditemtokaké déning Gusti Allah
tumrap bangsa iki."
25 "Mbésuk bakal ana pretandha-
pretandha sing katon ana ing srengéngé,
rembulan lan lintang-lintang. Ing bumi
bangsa-bangsa bakal padha gumeter,
merga gumlegeré segara lan ombaké
sing nggegirisi.
26 Akèh wong sing bakal padha klenger
saking wediné, merga ngrasakaké apa
sing bakal kelakon ana ing jagad. Sebab
kekuwatan-kekuwatan sing ngatur
lakuné jagad raya bakal kisruh.
27 Ing wektu kuwi Putrané Manungsa
bakal rawuh ana ing méga, ngagem
kamulyan lan pangwasa gedhé.
28 Yèn kabèh mau wiwit kelakon, padha
siyagaa lan tumengaa, sebab ora suwé
menèh kowé bakal padha kaluwaran."
29 Gusti Yésus nuli nyritakaké pasemon
mengkéné: "Padha titènana wit anjir lan
wit-witan apa waé.

30 Yèn wit-witan mau wis padha semi,
kowé ngerti yèn wis ngancik mangsa
panas.
31 Mengkono uga yèn kowé weruh
prekara-prekara sing Dakkandhakaké
mau kelakon, padha ngertia yèn wis
tekan wektuné Gusti Allah mbangun
Kratoné ana ing jagad.
32 Padha ngandela! Wong-wong sing
urip ing jaman saiki durung bakal padha
mati, yèn prekara-prekara kuwi mau
kabèh durung kelakon.
33 Langit lan bumi bakal sirna,
nanging tembung-Ku bakal tetep ing
selawas-lawasé."
34 "Padha jaganen awakmu dhéwé.
Aja nganti kowé mung mikir enggonmu
pésta-pésta waé; aja kakéhan mikiraké
bab ruwet-rentenging uripmu, nganti
bareng Dinané Pangéran teka dadakan,
kowé ora cumawis.
35 Sebab tekané dina kuwi presasat
kala, kanggo njiret wong sajagad kabèh.
36 Padha siyagaa, lan tansah
ndedongaa, supaya kowé diparingi
kekuwatan bisa ngalami sing bakal
kelakon mau kabèh kanthi slamet,

sarta bisa sowan ing ngarsané Putrané Manungsa."
37 Gusti Yésus saben awan memulang ana ing Pedalemané Allah, benginé minggah ing Gunung Zaitun, lan nyaré ana ing kono.
38 Saben ésuk wong kabèh padha teka ana ing Pedalemané Allah, ngrungokaké piwulangé Gusti Yésus.
22 1 Nalika semana lagi ngarepaké Riaya Pésta Roti Tanpa Ragi, yakuwi sing disebut Paskah.
2 Para pengareping imam lan para ahli Torèt lagi padha golèk réka, kepriyé bisané nyédani Gusti Yésus; sebab wong-wong mau padha wedi karo rakyat.
3 Iblis nuli nyurupi Yudas Iskariot, yakuwi panunggalané sekabat rolas, sing ndhèrèk Gusti Yésus.
4 Yudas mau nuli marani para pengareping imam lan pengareping pengawal sing jaga Pedalemané Allah, prelu kandha yèn dhèwèké saguh ngulungaké Gusti Yésus marang wong-wong mau.
5 Para pengareping imam lan para pengareping pengawal mau padha

bungah banget, lan janji arep mènèhi dhuwit marang Yudas.
6 Yudas nyaguhi lan wiwit nalika semana Yudas golèk réka bisané ngulungaké Gusti Yésus marang wong-wong mau, tanpa diweruhi déning wong akèh.
7 Bareng wis tekan dinané Riaya Pésta Roti Tanpa Ragi, yakuwi dinané wong padha nyembelèh cempé, kanggo Riaya Paskah,
8 Gusti Yésus nuli ngutus Pétrus lan Yohanes, didhawuhi mengkéné: "Padha mangkata, nyawisna ubarampéné Paskah sing bakal padha kita pangan."
9 Aturé Pétrus lan Yohanes mau: "Panjenengan ngersakaken dhahar Paskah wonten ing pundi?"
10 Pangandikané Gusti Yésus: "Rungokna! Yèn kowé mlebu ana ing kutha Yérusalèm, kowé bakal kepethuk karo wong sing lagi nggawa kendhi isi banyu. Wong kuwi etutna tekan omah sing dileboni,
11 banjur kandhaa karo sing duwé omah kuwi: Guru ndangu: ‘Ana ing ngendi enggoné para sekabat-Ku lan Aku mangan Paskah?’

12 Sing duwé omah mau nuli bakal
nuduhaké kamar gedhé ana ing lotèng,
sing wis pepak sapraboté pisan. Padha
cawisna ubarampéné Paskah kabèh ana
ing kono."
13 Sekabat loro mau padha mangkat,
sarta kabèh tinemu cèples kaya sing
dingandikakaké déning Gusti Yésus.
Sekabat loro mau nuli padha nyawisaké
ubarampéné Paskah ana ing kono.
14 Bareng wis tekan wektuné dhahar
Paskah, Gusti Yésus nuli lenggah awor
karo para sekabaté.
15 Panjenenganè nuli ngandika marang
para sekabat mau: "Aku kepéngin
mangan Paskah iki bebarengan karo
kowé, sadurungé Aku nandhang
sangsara!
16 Sebab ngertia! Aku bakal ora
dhahar Paskah menèh, nganti apa
sing diibarataké déning Paskah iki
kaleksanan, yakuwi yèn Kratoné Allah
wis tumapak."
17 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli
ngangkat tuwung anggur, sarta saos
panuwun marang Gusti Allah, banjur
ngandika: "Tuwung iki tampanana lan
padha ngombéa,

18 sebab kowé Dakkandhani: Wiwit saiki
iki Aku bakal ora ngombé anggur menèh,
nganti Kratoné Allah kebabar."
19 Sawisé mengkono Gusti Yésus nuli
mundhut roti, banjur saos panuwun
marang Gusti Allah. Roti mau nuli
dicuwil-cuwil lan diparingaké marang
para sekabat, pangandikané: "Iki badan-
Ku, sing kaparingaké kanggo kowé.
Iki tindakna minangka pengéling-éling
marang Aku."
20 Mengkono uga sawisé dhahar,
Panjenenganė maringaké tuwung anggur
kuwi marang para sekabaté serta
ngandika: "Tuwung iki prejanjiané Gusti
Allah sing anyar, sing diresmèkaké srana
getih-Ku, yakuwi getih sing diwutahaké
kanggo kowé."
21 "Nanging delengen! Wong sing
ngulungaké Aku saiki ana ing kéné,
lungguh dadi saméja karo Aku!
22 Putraning Manungsa pancèn pinesthi
séda, kaya sing wis ditemtokaké déning
Gusti Allah, nanging cilaka wong sing
ngulungaké Panjenengané!"
23 Para sekabat nuli padha takon-
tinakon, sapa sing arep ngulungaké
Gusti Yésus.

24 Kacrita, para sekabat padha bantah-
bantahan bab sapa sing dianggep
pinunjul dhéwé.
25 Gusti Yésus nuli ngandika marang
para sekabat mau: "Ratu-ratu ing donya
kéné padha ngerèh rakyat, lan para
pangwasa mau disebut ‘Pangayomaning
rakyat.’
26 Nanging mungguh ing kowé, aja kaya
mengkono. Malah kosokbaliné; wong
sing pinunjul dhéwé ing antaramu, kuwi
dadia sing asor dhéwé, lan sing dadi
pengarep kuwi dadia kaya batur.
27 Sapa sing luwih kajèn: sing lungguh
mangan ana ing méja, apa sing ngladèni
dhèwèké? Mesthi waé sing lungguh mau.
Nanging ana ing antaramu, Aku iki kaya
batur.
28 Sajroné Aku nandhang susah, kowé
selawasé kumpul karo Aku.
29 Kaya déné Sang Rama wis maringi
wewenang marang Aku nindakaké
Kratoné, mengkono uga kowé bakal
padha Dakwènèhi wewenang nindakaké
Kratoné.
30 Kowé bakal mèlu mangan lan
ngombé karo Aku ana ing Kraton-Ku,
lan kowé bakal padha lungguh ana ing

dhamparing kraton mau, ngadili taleré
bangsa Israèl rolas."
31 "Simon, Simon, rungokna! Iblis
diparengaké Gusti Allah nètèr precayamu
kabèh, kaya wong tani enggoné nginteri
gandumé, dipisahaké saka mrambuté.
32 Nanging, kowé wis Dakdongakaké,
supaya precayamu aja semplah. Lan
yèn kowé wis mratobat, bali marang
Aku menèh, kowé kudu genti nguwataké
precayané sedulur-sedulurmu."
33 Wangsulané Pétrus: "Gusti, kawula
sagah dipun kunjara lan pejah
sesarengan kaliyan Panjenengan!"
34 Pangandikané Gusti Yésus: "Pétrus,
ngandela! Ing dina iki sadurungé jago
kluruk, kowé bakal kandha ping telu,
yèn kowé ora wanuh karo Aku."
35 Gusti Yésus nuli ngandika marang
para sekabaté: "Dhèk biyèn nalika
kowé padha Dakutus kaé, kowé ora
Dakparengaké nggawa dhompèt isi
dhuwit, kanthong lan sepatu. Apa
kowé padha nandhang kekurangan
apa-apa?" Wangsulané sing padha
didangu: "Mboten! Mboten kekirangan
menapa-menapa."

36 Pangandikané Gusti Yésus: "Nanging
saiki, sing duwé dhompèt utawa
kanthong kudu digawa; lan sing ora
duwé pedhang, kudu ngedol jubahé
kanggo tuku pedhang.
37 Sebab, ngandela! Tulisan ing Kitab
Suci: ‘Panjenengané bakal dianggep
durjana’, tulisan kuwi bakal kelakon
tumrap Awak-Ku. Lan apa sing katulis
mau, saiki kelakon temenan."
38 Para sekabat nuli padha matur:
"Gusti, menika wonten pedhang kalih."
Pangandikané Gusti Yésus: "Wis cukup."
39 Gusti Yésus banjur miyos saka
ing kutha Yérusalèm, lan kaya adat
saben minggah ana ing Gunung Zaitun,
kadhèrèkaké déning para sekabat.
40 Bareng wis tekan ing kono,
Panjenengané ngandika: "Padha
ndedongaa, supaya aja kena ing
panggodha."
41 Panjenengané nuli tindak rada adoh
saka kono, kira-kira saadohé wong
mbalang nganggo watu.
42 Panjenengané nuli sujud jèngkèng
ndedonga, aturé: "Dhuh Rama,
menawi kepareng, mugi Paduka kersa
nyingkiraken kasangsaran menika

saking kawula. Éwadéné, sampun
pikajeng Kawula, namunga kersa Paduka
kémawon ingkang kelampahan."
43 [Nuli ana malaékat saka swarga
ngetingal marang Gusti Yésus, sarta
nyantosakaké Panjenengané.
44 Gusti Yésus banget girisé, mulané
saya ngganter enggoné ndedonga.
Riwéné nganti kaya getih tumètès ana
ing bumi.]
45 Sawisé rampung enggoné ndedonga,
Gusti Yésus nuli murugi para sekabat.
Para sekabat mau ketemu lagi padha
turu, merga saka sedhihé.
46 Gusti Yésus nuli ngandika: "Yagéné
kowé padha turu? Tangia lan ndedongaa,
supaya aja kena ing panggodha."
47 Sajroné Gusti Yésus isih ngandika
karo para sekabaté mau, ana wong
rombongan teka. Wong-wong mau diirid
déning Yudas. Yudas nuli marani Gusti
Yésus lan ngambung Panjenengané.
48 Gusti Yésus ngandika: "Yudas,
apa enggonmu ngulungaké Putrané
Manungsa srana ngambung iki?"
49 Nalika para sekabaté Gusti Yésus
sing ana ing kono ngerti apa sing

bakal kelakon, banjur matur: "Menapa kepareng kawula pedhang kémawon?"
50 Salah sawijining sekabat mau nuli nyabet abdiné Imam Agung srana pedhang, nganti kupingé tengen keperung.
51 Nanging Gusti Yésus ngandika: "Wis seméné waé!" Kupingé wong sing keperung mau nuli diasta lan diwarasaké.
52 Gusti Yésus nuli ngandika marang para pengareping imam, para pengareping pengawal Pedalemané Allah lan para panuntuning wong Yahudi, sing wis padha teka ana ing kono arep nyekel Panjenenganè: "Apa Aku kokkira bégal, kokenggonmu arep nyekel Aku nganggo pedhang lan penthung?
53 Apa Aku ora saben dina ana ing Pedaleman Suci karo kowé, yagéné Aku ora kokcekel ana ing kono? Nanging pancèn wis tekan wektumu lan wektuné pangwasané pepeteng tumindak."
54 Bareng Gusti Yésus wis dicekel, banjur diirid menyang omahé Imam Agung. Pétrus ngetutaké saka kadohan.
55 Wong-wong padha gawé bedhiyang ana ing satengahing plataran lan banjur

padha lungguh ngubengi bedhiyang
mau. Déné Pétrus nuli mèlu lungguh ana
ing kono.
56 Salah sawijining abdi wadon, weruh
Pétrus, banjur ditamatataké, nuli muni:
"Wong kuwi gajegé iya sekabaté Yésus!"
57 Nanging Pétrus sélak, uniné: "Aku
ora wanuh babar-pisan karo wong kuwi!"
58 Ora let suwé ana wong liyané sing
weruh Pétrus, nuli muni: "Kowé uga
sekabaté?" Nanging Pétrus mangsuli:
"Dudu, aku dudu!"
59 Kira-kira let sajam ana wong liyané
menèh sing muni seru: "Pancèn wong
kuwi sekabaté Yésus, sebab dhèwèké iya
wong Galiléa!"
60 Nanging Pétrus mangsuli: "Kowé
kandha apa? Aku ora ngerti sing
kokkandhakaké kuwi!" Sanalika iku uga,
sajroné Pétrus isih guneman, ana jago
kluruk.
61 Gusti Yésus tumolèh lan mirsani
Pétrus. Pétrus banjur kèlingan marang
pangandikané Gusti: "Ing dina iki
sadurungé jago kluruk, kowé bakal
nyélaki Aku ping telu."
62 Pétrus banjur metu saka ing kono lan
nangis kelara-lara.

63 Gusti Yésus dipoyoki lan digebugi
déning wong-wong sing padha nahan
Panjenengané.
64 Paningalé ditutupi nuli ditakoni:
"Bedhèken, sapa sing nggebug kowé?"
65 Akèh menèh tembung pamoyok sing
diucapaké déning wong sing padha jaga
marang Panjenengané.
66 Ésuké para pengareping wong
Yahudi, para pengareping imam lan para
ahli Torèt padha nglumpuk, Gusti Yésus
banjur diladèkaké Predataning Agama.
67 Wong-wong mau padha takon
marang Gusti Yésus: "Kandhaa, apa
kowé kuwi Sang Kristus?" Gusti Yésus
ngandika: "Senajan Aku kandhaa, kowé
iya ora bakal ngandel,
68 lan senajan Aku takona apa-apa,
kowé kabèh iya ora bakal mangsuli.
69 Nanging saiki Putraning Manungsa
bakal lenggah ana ing tengené Allah
Kang Mahakwasa."
70 Wong mau padha muni: "Yèn
mengkono, apa kowé kuwi Putrané
Allah?" Pangandikané Gusti Yésus: "Ya,
pancèn mengkono."

71 Wong kabèh banjur padha muni:
"Kita wis ora prelu seksi menèh! Wis
padha krungu saka tembungé dhéwé."

23 1 Predata kabèh nuli padha
ngadeg, lan ngirid Gusti Yésus
menyang ngarsané Gubernur Pilatus.
2 Ana ing kono wong-wong mau
padha nggugat, aturé: "Kula sami
sumerep, bilih tiyang menika nasaraken
rakyat. Piyambakipun ngojok-ojoki
tiyang, supados mboten sami mbayar
pajeg dhateng Kaisar, sebab manut
Piyambakipun, Yésus piyambak menika
Sang Kristus."
3 Gubernur Pilatus nuli ndangu marang
Gusti Yésus: "Apa bener yèn kowé kuwi
ratuné wong Yahudi?" Pangandikané
Gusti Yésus: "Inggih leres mekaten."
4 Gubernur Pilatus nuli ngandika marang
para pengareping imam lan wong akèh
sing ana ing kono: "Yèn manut aku,
wong iki ora salah apa-apa."
5 Nanging wong-wong mau padha
ngangseg, aturé: "Srana piwulangipun,
tiyang menika ngojok-ojoki dhateng
tiyang satanah Yudéa sedaya kapurih
mbaléla, kawiwitan saking tanah Galiléa,

lan samenika sampun dumugi ing
ngriki."
6 Bareng Gubernur Pilatus mireng aturé
wong-wong mau, nuli ndangu: "Apa
wong iki asalé saka tanah Galiléa?"
7 Bareng pirsa, yèn Gusti Yésus kuwi
asalé saka daérah wewengkoné Sang
Prabu Hérodès, panjenengané nuli
utusan ngirid Gusti Yésus marang Sang
Prabu, sing nalika semana pinuju ana
ing kutha Yérusalèm.
8 Sang Prabu Hérodès bareng pirsa
Gusti Yésus, bungah banget, sebab wis
kepara suwé midhanget pawartané,
mulané kepéngin pirsa dhéwé, malah
uga ngarep-arep bisaa pirsa olèhé
nindakaké mujijat.
9 Mulané Sang Prabu Hérodès ngajokaké
pitakonan akèh marang Gusti Yésus,
nanging Panjenenganė ora kersa
ngandika babar-pisan.
10 Para pengareping imam lan para ahli
Torèt uga padha sowan ana ing kono,
sarta padha nggugat Gusti Yésus srana
pandakwa sing abot.
11 Gusti Yésus digawé geguyon lan
dipoyoki déning Sang Prabu Hérodès
lan para prejurité. Gusti Yésus nuli

diagemi ageman keprabon, nuli diirid bali
menyang ngarsané Gubernur Pilatus.
12 Wiwit dina kuwi uga Sang Prabu
Hérodès lan Gubernur Pontius Pilatus,
sing mauné padha sesatron, padha
memitran menèh.
13 Gubernur Pilatus nuli ngumpulaké
para pengareping imam lan para
pemimpin, apa déné rakyat,
14 nuli ngandika marang wong-wong
mau: "Kowé padha ngladèkaké wong iki
marang aku, lan kowé kandha yèn wong
iki nasaraké wong akèh. Wong kuwi wis
dakpriksa ana ing ngarepmu, nanging
mungguh ing aku, aku ora nemokaké
keluputan sing kokgugataké.
15 Semono uga Sang Prabu Hérodès,
sebab panjenengané uga wis ngirim
Yésus iki bali mréné. Wong iki ora
nglakoni apa-apa sing patut diukum pati.
16 Mulané wong iki mung arep
dakgebugi, banjur dakluwari."
17 [Wis dadi padatan, saben Riaya
Paskah Gubernur Pilatus ngluwari wong
ukuman siji sing disuwun déning rakyat.]
18 Wong akèh sing ana ing kono
padha bengok-bengok: "Tiyang menika

kasirnakna. Kula nyuwun luwaripun
Barabas."
19 (Barabas kuwi dikunjara, merga
enggoné brontak ana ingkutha lan
matèni wong.)
20 Sarèhné Gubernur Pilatus kepéngin
ngluwari Gusti Yésus, mulané
Panjenengané ndangu sepisan
menèh marang wong akèh mau.
21 Nanging wong akèh mau padha
bengok-bengok: "Dipun salib kémawon!
Dipun salib!"
22 Gubernur Pilatus nuli ngaping teloni,
enggoné ndangu marang wong akèh
mau, pangandikané: "Nanging salahé
apa? Aku ora nemokaké luputé wong
iki, sing patut dipatrapi paukuman
pati! Wong iki arep dakgebugi, nuli
dakluwari."
23 Nanging wong akèh mau malah
padha bengok-bengok sarosané, yèn
Gusti Yésus kudu disalib. Pungkasané
wong akèh mau menang.
24 Gubernur Pilatus nuli mutusaké
ukuman pati, kaya sing dikarepaké
déning wong-wong mau.
25 Gubernur Pilatus ngluwari wong
ukuman sing padha disuwun, yakuwi

Barabas, wong sing dikunjara, merga
kesangkut pembrontakan lan matèni
wong. Gubernur Pilatus nuli masrahaké
Gusti Yésus marang wong akèh mau,
supaya dipatrapi manut sakarepé.
26 Gusti Yésus nuli diirid metu saka
kutha Yérusalèm. Ana ing dalan, iring-
iringan mau kepethuk wong, jenengé
Simon, asalé saka Kiréné, arep mlebu
kutha. Simon mau diundang lan dipeksa
manggul salibé Gusti Yésus, ana ing
sawingkingé.
27 Akèh wong sing padha ngetutaké
tindaké Gusti Yésus. Ing antarané
wong akèh mau uga ana wongé
wadon sawetara. Wong-wong wadon
mau padha nangisi Gusti Yésus karo
ngadhuh-adhuh.
28 Gusti Yésus tumolèh lan ngandika
marang wong-wong wadon mau: "Kowé,
wong wadon kutha Yérusalèm! Aja
padha nangisi Aku; tangisana awakmu
dhéwé lan anak-anakmu.
29 Sabab bakal ana wektuné wong
muni: ‘Begja temen wong wadon sing
gabug, sing ora tau nglairaké lan ora tau
nusoni bayi!’

30 Bakal ana wektuné wong padha
muni marang gunung-gunung: ‘Aku
jugrugana!’ lan muni marang punthuk-
punthuk: ‘Aku urugana.’
31 Sebab yèn kaya mengkéné
penggawéné wong marang kayu sing
urip, méndahané menèh kayu sing
garing bakal dikapakaké!"
32 Ana durjana loro sing uga padha
diirid bebarengan karo Gusti Yésus.
33 Bareng wis tekan panggonan sing
disebut "Pacumplungan," Gusti Yésus
nuli disalib, bebarengan karo durjana
loro mau, sing siji ana ing tengené, sijiné
ana ing kiwané.
34 Gusti Yésus nuli ndedonga: "Dhuh
Rama, kalepatanipun tiyang-tiyang
menika mugi Paduka apunten, amargi
mboten sami mangertos menapa
ingkang sami dipun tindakaken."
35 Agemané Gusti Yésus nuli diedum-
edum srana diundhi. Wong akèh padha
ngadeg nonton apa sing kelakon ana ing
kono. Para pengareping wong Yahudi
padha moyoki Gusti Yésus, uniné:
"Dhèwèké wis nylametaké wong liya,
jajal apa saiki bisa nylametaké awaké

dhéwé, yèn nyata wong kuwi Sang
Kristus utusané Allah."
36 Para prejurit iya padha moyoki, lan
banjur padha marani Gusti Yésus sarta
nyaosaké anggur kecut.
37 Banjur padha muni: "Yèn kowé
ratuné wong Yahudi, nulungana awakmu
dhéwé!"
38 Ing sandhuwuré mestakané Gusti
Yésus ana tulisan sing uniné mengkéné:
"Yésus ratuné wong Yahudi."
39 Salah sijiné durjana sing disalib mau
ngala-ala Gusti Yésus. Wong mau muni:
"Yèn kowé kuwi Sang Kristus, nulungana
awakmu dhéwé lan aku wong loro iki
pisan."
40 Nanging durjana sing sijiné melèhaké
kancané mau karo muni: "Apa kowé ora
éring karo Gusti Allah? Kita kabèh iki
diukum mati.
41 Tumraping aku lan kowé, ukuman iki
wis samesthiné. Nanging wong iki rak
ora salah!"
42 Wong mau banjur matur marang
Gusti Yésus: "Gusti, Panjenengan mugi
kersa ngèngeti dhateng kawula, menawi
Panjenengan mbénjing jumeneng ratu."

43 Pangandikané Gusti Yésus:
"Ngandela, dina iki uga kowé bakal
bareng karo Aku mlebu ana ing Firdus."
44 Kira-kira jam rolas awan, srengéngé
ora nyunaraké padhangé. Satanah kono
kabèh dadi peteng ndhedhet, nganti jam
telu.
45 Kacrita gebering Pedalemané Allah
suwèk ing tengah, dadi loro.
46 Gusti Yésus nuli nguwuh klawan
swara sora: "Dhuh Rama! Kawula
masrahaken nyawa kawula ing asta
Paduka!" Sawisé matur mengkono Gusti
Yésus nuli séda.
47 Nalika komandhané para prejurit
sing padha jaga ana ing kono weruh
lelakon kuwi mau kabèh, nuli ngluhuraké
Asmané Allah karo muni: "Nyata, wong
iki ora luput."
48 Wong-wong sing padha teka mrono,
arep ndeleng apa sing kelakon ana ing
kono, iya padha nyipati lelakon-lelakon
kuwi mau kabèh. Mula padha mulih
kanthi rasa keduwung banget.
49 Lan wong kabèh sing padha kenal
karo Gusti Yésus, semono uga para wong
wadon sing ndhèrèkaké Panjenengané
saka tanah Galiléa mau, padha ngadeg

saka kadohan lan ndeleng lelakon kuwi
mau kabèh.
50 Ana wong jeneng Yusuf, saka kutha
Arimatéa. Yusuf mau wong becik lan
kinurmatan, wong mursid sing uga
nganti-anti kebabaring Kratoné Allah.
Senajan Yusuf mau warganing Predata
Agama, nanging ora ngrujuki putusané
predata mau tumraping Gusti Yésus.
51 (23:50)
52 Yusuf nuli sowan marang Gubernur
Pilatus lan nyuwun layoné Gusti Yésus.
Panyuwuné mau dikabulaké.
53 Yusuf nuli ngedhunaké layon mau
saka ing kayu salib, banjur diulesi
nganggo mori alus. Sawisé kuwi layon
mau nuli disarèkaké ana ing pesaréan
sing ditatah ana ing punthuk karang.
Kuburan kuwi durung tau kanggo.
54 Nalika semana pinuju dina pacawisan.
Sedhéla menèh wis ngarepaké dina
Sabbat.
55 Para wong wadon, sing padha
ndhèrèkaké tindaké Gusti Yésus saka
tanah Galiléa, kuwi iya padha ngetutaké
Yusuf, mèlu ngiringaké layoné menyang
pesaréan. Wong-wong mau padha weruh

dhéwé patrapé enggoné layon mau
disarèkaké.
56 Wong-wong wadon mau nuli padha
mulih lan nyawisaké racikané bumbu lan
lenga wangi, sing arep dienggo mborèhi
sariranÉ Gusti Yésus. Ésuké, sarèhné
dina Sabbat, wong-wong mau padha
ora nerusaké enggoné nyambut-gawé,
jalaran padha netepi angger-anggering
dina Sabbat.

24 1 Ing dina Minggu ing wayah ésuk
umun-umun, wong-wong wadon
mau padha lunga menyang pesaréan,
karo nggawa reracikan sing arep kanggo
mborèhi layoné Gusti Yésus.
2 Bareng wis tekan pesaréan padha
weruh, yèn watu sing kanggo nutupi
pesaréané wis ngglimpang saka ing
panggonané.
3 Wong-wong wadon mau nuli padha
mlebu ing pesaréan, nanging layoné wis
ora ana.
4 Nalika isih padha ngadeg ana ing kono
lan bingung ngrasakaké kaanan mau,
dumadakan ana priya loro, nganggo
sandhangan mengkilap, ngadeg ana ing
sacedhaké.

5 Wong-wong wadon mau padha wedi
banget, banjur sumungkem ana ing
lemah. Priya loro mau nuli padha
ngandika: "Yagéné kowé padha nggolèki
Panjenengané kang gesang, ana ing
antarané wong mati?
6 Panjenengané ora ana ing kéné, wis
wungu! Padha élinga pangandikané
marang kowé, nalika Panjenengané isih
ana ing tanah Galiléa,
7 pangandikané: ‘Putraning Manungsa
wis pinesthi diulungaké marang
tanganing wong dosa, banjur bakal
disalib, lan sawisé kuwi nuli ing telung
dinané bakal tangi menèh.’"
8 Wong-wong wadon mau nuli padha
kèlingan marang pangandikané Gusti
Yésus mau.
9 Satekané saka pesaréan nuli padha
nyritakaké lelakon kuwi mau kabèh
marang para muridé Gusti Yésus.
10 Wong-wong wadon sing padha
nyritakaké lelakon mau yakuwi: Maryam
Magdaléna, Yohana lan Maryam ibuné
Yakobus, lan wong wadon liyané sing
padha bebarengan karo wong-wong
mau.

11 Nanging para rasul padha ora
ngandel marang critané wong-wong
kuwi, dianggep mung gawé-gawé.
12 Pétrus nuli lunga rerikatan menyang
pesaréan. Bareng nginguk menjero,
mung weruh ulesé mori thok sing ana
ing kono. Saka gumuné, Pétrus mung
mlongo, nuli mulih lan mikir-mikir, apa
kira-kira sing mentas kelakon ana ing
pesaréan kono.
13 Ing dina kuwi ana sekabaté Gusti
Yésus loro sing lagi mlaku menyang
désa Émaus. Désa Émaus kuwi adohé
kira-kira rolas kilomèter saka kutha
Yérusalèm.
14 Karo mlaku wong loro mau padha
ngrembug bab sing mentas kelakon.
15 Sajroné isih padha guneman mau
Gusti Yésus piyambak rawuh lan
mbarengi lakuné.
16 Wong loro mau padha weruh Gusti
Yésus, nanging embuh apa sebabé
padha pangling karo Panjenengané.
17 Gusti Yésus banjur ngandika: "Kowé
kuwi lagi padha ngrembug apa?" Wong
loro mau nuli padha mandheg lan katon
sedhih.

18 Sing siji, sing jeneng Kléopas,
mangsuli: "Kula kinten namung
Panjenengan piyambak, tiyang manca
ing kitha Yérusalèm, ingkang mboten
mangertos kedadosan-kedadosan
ingkang mentas kelampahan, ing
salebetipun sawetawis dinten menika."
19 Pangandikané Gusti Yésus: "Kuwi
lelakon apa?" Aturé sing didangu:
"Menika lelampahanipun Gusti Yésus,
saking kitha Nasarèt, nabi ingkang
kwaos sanget ing pendamel lan ing
piwucal, sarta tiyang ingkang kajèn
wonten ing ngarsanipun Gusti Allah lan
ing antawisipun manungsa.
20 Para pengajenging imam tuwin
para pengajenging bangsa kita sami
ndhawahaken paukuman pejah dhateng
nabi wau, lajeng dipun salib.
21 Mangka kula sedaya rumiyin gadhah
pengajeng-ajeng, bilih Panjenenganipun
menika ingkang badhé ngluwari bangsa
Israèl! Dinten menika sampun tigang
dintenipun prekawis wau sedaya
kedadosan.
22 Namung kémawon lajeng wonten
cariyos, ingkang dipun cariyosaken
déning tiyang èstri sawetawis

panunggilan kita, ingkang damel
kula sami kagèt sanget. Énjing wau
nalika taksih umun-umun, tiyang-tiyang
èstri wau sami dhateng pesaréan,
23 nanging wonten ing ngriku layonipun
Gusti Yésus mboten wonten. Lajeng sami
wangsul, lan sanjang, bilih sami sumerep
malaékat kalih. Malaékat-malaékat
menika sami ngandika, bilih Gusti Yésus
menika sampun wungu saking séda.
24 Nunten wonten kanca kula sawetawis
ingkang sami dhateng pesaréan, lan
neksèni bilih menapa ingkang dipun
cariyosaken déning tiyang-tiyang èstri
menika pancèn leres mekaten, nanging
kanca-kanca wau mboten sami sumerep
piyambak."
25 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong loro mau: "Kowé kokbodho temen
lan angèl temen precaya marang apa
sing wis dingandikakaké déning para
nabi!
26 Sang Kristus rak wis pinesthi
nandhang sangsara, lan sawisé kuwi lagi
kamulyakaké!"
27 Gusti Yésus nuli nerangaké marang
wong loro mau bab apa sing wis
disebutaké ana ing Kitab Suci mungguh

Sang Kristus, wiwit saka Kitab-kitabé
Nabi Musa nganti tekan Kitab-kitabé
Para Nabi liyané.
28 Bareng wis cedhak ing désa sing arep
diparani, Gusti Yésus kaya-kaya arep
nerusaké tindaké.
29 Nanging wong loro mau padha
nyandhet Panjenengané: "Kula aturi
mampir ing griya kula, awit sampun
serap, sekedhap malih sampun peteng."
Gusti Yésus nuli mlebu ing omahé wong
loro mau.
30 Bareng lungguh bebarengan arep
mangan, Gusti Yésus nuli mundhut
roti lan ndedonga, saos panuwun
marang Gusti Allah. Sawisé kuwi banjur
nyuwil-nyuwil roti, sarta diulungaké
marang wong loro mau.
31 Sanalika iku uga wong loro mau
mripaté kabukak, temah mari panglingé
karo Panjenengané. Nanging Gusti
Yésus nuli ngilang saka ing pandelengé
wong-wong mau.
32 Wong loro mau nuli padha kandha:
"Wah krasa tenan atiku dhèk mau, nalika
ngrungokaké Panjenengané nerangaké
isining Kitab-kitabé Musa lan Para Nabi.
Pangandikané ngyakinaké temenan."

33 Sanalika iku uga wong loro mau
nuli ngadeg lan bali menyang kutha
Yérusalèm. Ana ing kana padha ketemu
para sekabaté Gusti Yésus wong sewelas,
wis padha ngumpul karo murid-murid
liyané.
34 Sing padha ngumpul mau padha
muni: "Gusti wis wungu temenan!
Panjenengané wis ngetingal marang
Simon!"
35 Wong loro sing saka désa Émaus
mau nuli uga nyritakaké marang para
murid sing padha nglumpuk mau, bab
apa sing wis dialami dhéwé, lan enggoné
ora pangling karo Gusti Yésus, bareng
Gusti nyuwil-nyuwil roti.
36 Nalika isih padha guneman bab kuwi
mau kabèh, dumadakan Gusti Yésus
piyambak jumeneng ana ing tengahé
para murid mau, lan ngandika: "Tentrem
rahayu anaa ing kowé!"
37 Murid-murid kabèh padha kagèt
campur wedi, lan ngira weruh memedi.
38 Nanging Gusti Yésus nuli ngandika:
"Yagéné kowé padha wedi, lan généa
kowé padha mangu-mangu?
39 Delengen tangan-Ku lan sikil-Ku.
Iki Aku dhéwé! Padha grayangana lan

setitèkna, sebab memedi rak ora duwé
daging lan balung, kaya sing kokdeleng
ana ing Aku iki."
40 Sajroné ngandika mengkono
kuwi Gusti Yésus nedahaké asta lan
sampéyané.
41 Sarèhné ana sawetara murid sing isih
durung ngandel merga saka bungahé
lan gumuné, Gusti Yésus nuli ngandika:
"Apa ing kéné kowé duwé sing kena
dipangan?"
42 Para murid mau banjur ngaturaké
iwak goréngan sairis.
43 Iwak mau nuli ditampani déning Gusti
Yésus lan didhahar ana ing ngarepé para
murid mau.
44 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli
ngandika marang para murid: "Prekara-
prekara iki wis Dakkandhakaké marang
kowé nalika Aku isih bebarengan karo
kowé, yakuwi yèn kabèh sing wis ditulis
bab Aku ana ing Kitab Torèté Nabi Musa
lan Kitabé Para Nabi, tuwin Masmur,
kuwi kabèh kudu kelakon."
45 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli mbukak
nalaré wong-wong mau, supaya padha
ngerti marang Kitab Suci.

46 Pangandikané: "Ana ing Kitab Suci
ana tulisan, yèn Sang Kristus kuwi
pinesthi nandhang sangsara, lan wungu
menèh ing telung dinané.
47 Uga wis ditulis, yèn atas Asmané
Sang Kristus, bakal diwartakaké marang
para bangsa kabèh, yèn Gusti Allah
maringi pangapuraning dosa marang
wong sing padha mratobat saka dosa-
dosané. Pawarta kuwi bakal diwartakaké
wiwit saka kutha Yérusalèm.
48 Déné kowé sing padha dadi seksiné
bab prekara kuwi mau kabèh.
49 Lan Aku dhéwé bakal maringaké
marang kowé, apa sing wis dijanjèkaké
déning Rama-Ku. Nanging kowé tetepa
ana ing kutha kéné dhisik, nganti kowé
wis padha diparingi kasektèn saka ing
ngaluhur."
50 Sawisé mengkono Gusti Yésus nuli
ngajak para sekabat metu saka ing kutha
Yérusalèm, menyang ing sacedhaké
désa Bètani. Ana ing kono Gusti Yésus
nuli ngangkat astané lan mberkahi para
sekabat.
51 Sajroné mberkahi mau, Gusti Yésus
kaangkat menyang swarga, pisah karo
para sekabaté.

52 Para sekabat nuli padha sujud
nyembah marang Panjenenganè, nuli
padha bali menyang kutha Yérusalèm
klawan bungah banget.
53 Para sekabat mau tansah padha ana
ing Pedalemanè Allah lan ngluhurakè
Gusti Allah.

Yohanes

1 [1] Sadurungé jagad dititahaké, Sang
Sabda wis ana. Sang Sabda mau
tetunggilan karo Gusti Allah, sarta Sang
Sabda kuwi pancèn Allah.
[2] Sadurungé jagad iki ana, Sang Sabda
wis nunggil karo Gusti Allah.
[3] Lan lantaran Sang Sabda mau Gusti
Allah nitahaké samubarang kabèh. Ora
ana barang siji waé ing alam donya iki
sing ora dititahaké déning Sang Sabda.
[4] Sang Sabda kuwi sumbering uripé
sakèhing titah sing ana ing donya iki, lan
dadi pepadhanging para manungsa.
[5] Pepadhang sumunar ana ing
pepeteng, lan pepeteng ora bisa
ngalahaké Pepadhang mau.
[6] Gusti Allah ngutus utusané, jenengé
Yohanes.
[7] Tekané Yohanes nggawa pawarta
bab Sang Pepadhang mau marang
wong kabèh, supaya wong-wong padha
precaya marang Sang Pepadhang.

8 Yohanes dhéwé dudu Sang Pepadhang,
awit tekané Yohanes didhawuhi
nyritakaké bab Sang Pepadhang.
9 Panjenengané kuwi Sang Pepadhang
sing sejati, sing rawuh ing donya lan
madhangi wong kabèh.
10 Sang Sabda wis ana ing jagad.
Lan senajan jagad dititahaké déning
Gusti Allah lantaran Sang Sabda,
éwasemono jagad mau ora wanuh
marang Panjenengané.
11 Sang Sabda ngrawuhi bangsané
dhéwé, nanging bangsané mau padha
nampik marang Panjenengané.
12 Éwasemono uga ana wong-wong sing
padha nampani lan precaya. Wong-wong
mau padha diparingi wewenang dadi
putrané Allah.
13 Enggoné dadi para putrané Allah mau
ora merga dilairaké déning manungsa,
lair saka karepé wong lanang, nanging
saka kersané Allah.
14 Sang Sabda wis dadi manungsa,
manggon awor karo kita. Kita wis padha
ndeleng kamulyané Sang Manungsa
mau. Iya kamulyan kang kaparingaké
marang Putraning Allah Sang Rama,
Putra ontang-anting. Kamulyané Sang

Putra mau mengkéné: Lantaran Sang
Putra mau Gusti Allah wis mratélakaké
Sarirané piyambak lan katresnané
marang kita sakatogé.
15 Nabi Yohanes neksèni mungguh
Sang Putra mau karo ngandika sora:
"Ya iki wong sing dakkarepaké nalika
aku kandha: ‘Panjenenganė rawuh
samburiku, nanging Panjenenganė
luwih dhisik tinimbang karo aku’, sebab
Panjenenganė wis ana, sadurungé aku
lair."
16 Sih-rahmaté Sang Putra mau gedhé
banget. Saka lubèring sih-rahmaté,
Sang Putra tansah mberkahi kita kabèh
ora kendhat-kendhat.
17 Gusti Allah maringaké Kitab Torèt
lantaran Nabi Musa, nanging lantaran
Gusti Yésus Kristus, Gusti Allah
mratélakaké sarirané piyambak sarta
sih-katresnané marang kita.
18 Ora ana wong siji waé sing wis tau
weruh Gusti Allah. Nanging Putrané
Allah ontang-anting, sing jumeneng
Allah piyambak, lan sing tetunggilan
karo Sang Rama, kuwi sing ngetingalaké
Gusti Allah marang kita.

19 Para penggedhéné wong Yahudi ing kutha Yérusalèm kongkonan imam-imam lan wong-wong turunané Lèwi marani Nabi Yohanes, dikon takon marang nabi mau: "Panjenengan menika sejatosipun sinten?"

20 Nabi Yohanes emoh goroh, Panjenenganané kanthi barès ngandika: "Aku dudu Sang Kristus."

21 Pitakoné wong-wong mau: "Menawi mekaten, lajeng Panjenengan menika sinten? Menapa panjenengan menika Nabi Élia?" Wangsulané Nabi Yohanes: "Dudu." Pitakoné menèh: "Menapa panjenengan menika Sang Nabi?"[a] "Uga dudu," mengkono wangsulané Nabi Yohanes.

22 Wong-wong mau padha pitakon menèh: "Menawi mekaten panjenengan kersaa blaka, panjenengan menika sinten, supados kula saged nerangaken dhateng tiyang-tiyang ingkang kèngkènan kula mriki."

---

[a]Sang Nabi: Tegesipun ing ngriki: Nabi ingkang kaweca badhé dhateng sadèrèngipun Sang Mèsias utawi Kristus. Mirsanana Ul 18:15, 18; Yoh 6:14.

23 Nabi Yohanes nuli mangsuli nganggo
ayat saka Kitabé Nabi Yésaya: "Aku
iki swara sing ngumandhang ana ing
ara-ara samun: ‘Dalan sing kagem Gusti
padha ratanen!’"
24 Ing antarané wong-wong sing padha
takon mau ana sing dikongkon déning
wong Farisi.
25 Wong-wong kuwi padha takon
marang Nabi Yohanes: "Menawi
panjenengan sanès Sang Kristus, sanès
Nabi Élia, utawi nabi sanèsipun, menapa
sebabipun panjenengan mbaptisi
tiyang?"
26 Wangsulané Nabi Yohanes: "Aku
mbaptis nganggo banyu, nanging ing
antaramu ana Wong, sing kowé ora
wanuh.
27 Wong kuwi tekané samburiku,
nanging nguculi taliné trumpahé waé
aku ora patut."
28 Iki kedadéané ana ing désa Bètani,
ing sisih wétané Kali Yardèn, yakuwi
panggonané Nabi Yohanes mbaptisi
wong-wong.
29 Ésuké Nabi Yohanes weruh Gusti
Yésus rawuh marani dhèwèké. Nabi
Yohanes nuli ngandika: "Delengen, kuwi

Cempéning Allah, sing nebus dosané
jagad.
30 Ya Panjenengané kuwi sing
dakkandhakaké bakal rawuh samburiku.
Nanging Panjenengané mau luwih dhisik
tinimbang aku, sebab Panjenengané wis
ana sadurungé aku lair.
31 Mauné aku durung wanuh karo
Panjenengané, nanging supaya
bangsa Israèl padha wanuh marang
Panjenengané, aku diutus mréné
mbaptis nganggo banyu."
32 Paseksiné Nabi Yohanes bab
Panjenengané mengkéné: "Aku weruh
Rohé Allah tumurun saka ing langit kaya
manuk dara, banjur andhok[b] ana ing
Panjenengané.
33 Nalika semana aku ora wanuh karo
Panjenengané, nanging Gusti Allah sing
ndhawuhi aku mbaptis nganggo banyu,
Panjenengané sing ngandika marang
aku, ‘Menawa kowé ndeleng Rohé Allah
nedhaki sawijining Wong lan manggon
ana ing Wong mau, Wong kuwi sing
bakal mbaptis nganggo Rohé Allah.’
34 Aku wis nyipati lelakon mau,"
mengkono pangandikané Nabi Yohanes,

---

[b]andhok: mboten késah-késah saking ngriku.

"Padha ngandela yèn Panjenenganè kuwi
pancèn Putraning Allah."
35 Ésuké Nabi Yohanes wis ana ing
panggonan mau menèh, karo muridé
loro.
36 Bareng weruh Gusti Yésus liwat,
Nabi Yohanes nuli ngucap mengkéné:
"Delengen, Panjenenganè kuwi
Cempéning Allah, sing bakal dienggo
kurban!"
37 Bareng muridé Nabi Yohanes padha
krungu pangandika sing mengkono mau,
nuli padha mangkat ndhèrèkaké tindaké
Gusti Yésus.
38 Gusti Yésus nolèh lan pirsa wong loro
mau padha ndhèrèkaké Panjenenganè,
nuli ngandika: "Kowé padha nggolèki
sapa?" Aturé para murid mau: "Rabbi,[c]
dalem Panjenengan wonten pundi?"
39 "Ayo, mèlua Aku, nyatakna dhéwé,"
dhawuhé Gusti Yésus. Wong loro mau
nuli padha ndhèrèk lan ndeleng omah
sing didalemi Gusti Yésus. Ing dina
kuwi murid loro mau padha nginep ana
ing kono. (Nalika semana kira-kira jam
papat soré.)

---

[c]'Rabbi': Tembung Ibrani, ingkang tegesipun: 'Guru'.

40 Murid loro sing padha krungu
pangandikané Nabi Yohanes lan wis
bebarengan karo Gusti Yésus niliki
dalemé mau, sing siji jenengé Andréas,
seduluré Simon Pétrus.
41 Andréas nuli énggal-énggal nemoni
Simon, kandhané: "Aku wis padha
ketemu karo Sang Mèsias![d] Juru Slamet
sing dijanjèkaké déning Gusti Allah."
42 Andréas nuli ngeteraké Simon sowan
Gusti Yésus. Sawisé mirsani Simon,
Gusti Yésus nuli ngandika: "Kowé Simon,
anaké Yohanes. Kowé bakal disebut
‘Kéfas’."[e]
43 Ésukè Gusti Yésus ngersakaké tindak
menyang tanah Galiléa. Ana ing kana
ketemu karo Filipus. Pangandikané Gusti
Yésus marang Filipus: "Mèlua Aku."
44 (Filipus asalé saka kutha Bètsaida,
yakuwi kutha asalé Andréas lan Pétrus.)
45 Sawisé kuwi Filipus nuli nggolèki
Natanaèl, Filipus kandha karo Natanaèl:
"Aku wis ketemu karo wong sing disebut
déning Nabi Musa ing Kitab Torèt, sing
uga disebut déning para nabi ana ing

---

[d] ‘Mèsias’ utawi Mèsiah: tegesipun ‘Jinebadan’.

[e] ‘Kéfas’: Tembung Ibrani; basanipun Yunani: "Pétrus," tegesipun "watu karang."

Kitabé Para Nabi. Wong kuwi jenengé
Yésus, anaké Yusuf, wong Nasarèt."
46 Nanging Natanaèl mangsuli: "Saka
Nasarèt apa ana barang sing becik?"
Wangsulané Filipus: "Wis ta, delengen
dhéwé."
47 Gusti Yésus pirsa Natanaèl sowan ing
ngarsané, banjur ngandika: "Iki wong
Israèl sejati, wong sing jujur!"
48 Aturé Natanaèl: "Saking sinten Guru
pirsa kawontenan kula?" Pangandikané
Gusti Yésus: "Sadurungé Filipus ngajak
kowé, yakuwi nalika kowé isih ana ing
sangisoré wit anjir, Aku wis weruh kowé."
49 Aturé Natanaèl: "Guru, Panjenengan
menika Putraning Allah! Ratunipun
bangsa Israèl!"
50 Gusti Yésus ngandika: "Apa
enggonmu precaya kuwi merga Aku
kandha, yèn Aku wis weruh kowé nalika
kowé isih ana ing sangisoré wit anjir?
Kowé bakal ndeleng lelakon-lelakon sing
luwih élok ketimbang iki."
51 Gusti Yésus banjur ngandika marang
para murid mau: "Ngandela! Kowé
bakal padha weruh langit kabukak
lan weruh para Malaékaté Pangéran

padha munggah-mudhun sowan marang
Putrané Manungsa."

2 1 Let rong dina, ing kutha Kana,
tanah Galiléa, ana wong duwé gawé.
Ibuné Gusti Yésus jagong mrono.
2 Semono uga Gusti Yésus lan para
muridé padha diulemi.
3 Bareng angguré entèk kabèh, ibuné
Gusti Yésus nuli ngandika marang
Panjenengané: "Padha kentèkan
anggur."
4 Gusti Yésus ngandika: "Ibu, sampun
ndhawuhi kula nindakaken menapa-
menapa, jalaran samenika dèrèng
dumugi wekdalipun."
5 Ibuné Gusti Yésus mau nuli ngandika
marang para peladèn: "Apa sing
didhawuhaké Yésus marang kowé, padha
lakonana!"
6 Ing kono ana genthong wadhah banyu
enem, sing disedhiyakaké kanggo sesuci,
manut prenatané agama Yahudi. Saben
genthong mau bisa amot wolung puluh
tekan satus liter.
7 Gusti Yésus ndhawuhi marang para
peladèn: "Genthong-genthong kuwi
padha isènana banyu." Para peladèn nuli

ngisèni genthong-genthong mau nganti
kebak.
8 Sawisé kuwi Gusti Yésus ngandika:
"Saiki nyidhuka banyu kuwi sethithik
lan aturna marang pemimpining pésta!"
Peladèn mau banjur nindakaké apa
sadhawuhé.
9 Pemimpining pésta banjur ngicipi
banyu mau, sing saiki wis malih dadi
anggur. (Pemimpining pésta ora ngerti
saka endi asalé anggur mau, awit mung
para peladèn sing padha ngisèkaké
banyu ana ing genthong-genthong kuwi
waé sing padha ngerti.) Pemimpining
pésta nuli ngaturi pirsa marang
pengantèn lanang,
10 banjur matur: "Limrahipun ingkang
dipun ladosaken rumiyin menika anggur
ingkang éca, lan menawi para tamu
sampun ngunjuk radi kathah, lajeng
saweg anggur ingkang limrah. Nanging
menapa sebabipun anggur ingkang
saé kokpanjenengan simpen lan saweg
kaladosaken samenika?"
11 Iki mujijat sing kawitan, sing
ditindakaké Gusti Yésus, kelakoné ana
ing kutha Kana, tanah Galiléa. Srana
mujijat mau Gusti Yésus ngetingalaké

kamulyané; mulané para murid nuli
padha precaya marang Panjenengané.
12 Sakonduré saka ing kono, Gusti
Yésus, ibuné, lan sedulur-seduluré,
banjur tindak menyang Kapèrnaum sarta
nginep ana ing kono sawetara dina.
13 Bareng wis nyedhaki Riaya Paskahé
wong Yahudi, Gusti Yésus nuli tindak
menyang kutha Yérusalèm.
14 Ana ing Pedalemané Allah, Gusti
Yésus mirsa ana wong lagi dol-tinuku
sapi, wedhus lan manuk dara; uga mirsa
tukang ngijoli dhuwit, padha lungguh
ana ing kono.
15 Gusti Yésus banjur damel pecut
saka tali, nuli nggusah kéwan-kéwan
mau, dalasan wedhus-wedhus lan
sapi-sapi. Méja-méja panggonané wong
padha ngijolaké dhuwit digulingaké,
nganti dhuwit-dhuwité mawut tekan
ngendi-endi.
16 Gusti Yésus nuli ndhawuhi marang
wong sing padha adol manuk dara:
"Manuk-manuk kuwi padha singkirna
kabèh saka kéné. Pedalemané Rama-Ku
aja padha kokenggo dodolan!"
17 Para sekabaté Gusti Yésus banjur
padha kèlingan ayat ing Kitab Suci sing

surasané: "Katresnan Kawula dhateng
Pedaleman Paduka menika kados latu
ingkang ngalad-alad!"
18 Para pengareping wong Yahudi
padha madoni Gusti Yésus karo muni:
"Cobi, kula aturi damel mujijat, ingkang
mbuktèkaken, bilih Panjenengan wenang
nindakaken ingkang kados mekaten
menika!"
19 Pangandikané Gusti Yésus:
"Pedalemané Allah iki bungkaren,
mengko sajroné telung dina bakal
Dakadegaké menèh."
20 Aturé wong-wong mau: "Laminipun
mbangun Pedalemanipun Allah menika
ngantos kawan dasa nem taun, lhakok
Panjenengan badhé ngedegaken
salebetipun tigang dinten?"
21 Nanging Pedalemané Allah sing
dikersakaké déning Gusti Yésus kuwi
sariranè piyambak.
22 Mula nalika Gusti Yésus wungu saka
ing séda para sekabaté padha kèlingan
yèn Panjenenganè naté ngandika
mengkono. Para sekabat nuli padha
precaya marang surasané Kitab-kitab,
lan marang apa sing dipangandikakaké
déning Gusti Yésus.

[23] Nalika Gusti Yésus ana ing kutha
Yérusalèm, sajroné Riaya Paskah, akèh
wong sing padha precaya marang
Panjenengané awit saka mujijat-mujijat
sing ditindakaké.
[24] Nanging Gusti Yésus piyambak ora
maèlu marang precayané wong-wong
mau, sebab Panjenengané pirsa atiné
siji-sijiné wong.
[25] Ora susah diaturi pirsa bab kaananané
siji-sijiné wong mau, awit Panjenengané
pirsa apa sing ana sajroning atiné
manungsa.

3 [1] Ana wong Farisi, pemimpining
agama Yahudi, jenengé Nikodémus.
[2] Ing wayah bengi Nikodémus mau
sowan Gusti Yésus, lan nyuwun pirsa:
"Guru, kawula sami sumerep, bilih
Panjenengan menika Guru, ingkang
kautus déning Gusti Allah. Awit
mboten wonten tiyang ingkang saged
damel mujijat-mujijat kados ingkang
Panjenengan tindakaken, menawi Gusti
Allah mboten nunggil kaliyan tiyang
wau."
[3] Gusti Yésus nuli ngandika: "Élinga!
Ora ana wong sing bisa ngrasakaké

Kratoné Gusti Allah, yèn wong mau ora
kalairaké menèh."
4 Aturé Nikodémus: "Kadospundi?
Tiyang sampun diwasa rak mboten
saged lair malih? Tiyang wau rak mboten
saged mlebet ing wetenganing ibunipun,
lajeng dipun lairaken malih?"
5 Pangandikané Gusti Yésus: "Menawa
wong ora dilairaké saka banyu lan saka
Rohé Allah, wong mokal bisané ngalami
Kratoné Gusti Allah.
6 Sing lair saka wong tuwa kita ana ing
donya, kuwi badan wadhag, nanging
badan rohani kita lairé saka Gusti Allah
ing swarga.
7 Aja gumun yèn Aku kandha: ‘Kowé
kabèh kudu kalairaké menèh.’
8 Lakuné angin kuwi manut sakarepé
dhéwé; kita krungu swarané, nanging
ora weruh sangkan parané. Semono
uga kaananané wong sing dilairaké menèh
déning Rohé Allah."
9 Aturé Nikodémus: "Prekawis menika
sagedipun kelampahan kadospundi?"
10 Pangandikané Gusti Yésus: "Kowé
kuwi guru sing misuwur ana ing tanah
Israèl, lah kokora ngerti prekara sing
mengkono?

11 Ngandela, Aku mung ngandhakaké
prekara-prekara sing Dakngertèni, lan
Aku nerangaké prekara-prekara sing wis
Dakweruhi; nanging kowé padha ora
gelem precaya marang Aku.
12 Yèn Aku nyritakaké sing ana ing
jagad iki waé kowé wis ora precaya,
kepriyé bisamu precaya marang Aku,
yèn Aku nyritakaké marang kowé
prekara-prekara sing ana ing swarga?
13 Ora ana wong siji waé sing tau
munggah swarga, nanging saka swarga
wis ana sing mudhun menyang bumi,
yakuwi Putrané Manungsa.
14 Nalika ana ing ara-ara samun Nabi
Musa manjer ula tembaga ana ing kayu,
iya kaya mengkono Putrané Manungsa
bakal dipanjer ana ing kayu,
15 supaya saben wong sing precaya
marang Panjenengané ngalami urip sing
sejati.
16 Awit saka gedhéning sih-katresnané
Gusti Allah marang jagad, nganti
Panjenengané ngurbanaké Putrané
ontang-anting, supaya saben wong sing
precaya marang Sang Putra mau ora
nemu karusakan, nanging ngalamana
urip langgeng.

17 Mulané enggoné Gusti Allah ngutus
Putrané rawuh ing jagad kuwi ora supaya
dadi Hakim, nanging supaya dadi Juru
Slameté jagad mau.
18 Sing sapa precaya marang Sang
Putra ora bakal diukum. Nanging sing
sapa ora precaya, kuwi wis diukum, awit
wong kuwi ora precaya marang Putra
ontang-antingé Gusti Allah mau.
19 Déné sebabé mengkéné: pepadhang
wis ana ing jagad, nanging manungsa
luwih seneng karo pepeteng, ketimbang
karo pepadhang, awit penggawé-
penggawéné ala.
20 Saben wong sing nglakoni piala,
sengit karo pepadhang; wong mau
ora gelem marani pepadhang, supaya
penggawéné sing ala mau aja nganti
konangan.
21 Nanging sing sapa mbangun-turut
marang kersané Allah, wong kuwi malah
marani pepadhang, supaya cetha yèn
apa sing dilakoni mau manut kersané
Allah."
22 Sawisé kuwi Gusti Yésus lan para
sekabaté padha menyang tanah Galiléa.
Ana ing kana nganti sawetara dina,

sarta mbaptisi wong-wong sing padha
mratobat.
23 Nalika semono Nabi Yohanes
durung dilebokaké ing pakunjaran.
Panjenengané mbaptis wong-wong
ana ing désa Ainon, ora adoh saka
kutha Salim, sebab ing kana akèh
banyu. Wong-wong mau padha marani
panjenengané, nuli padha dibaptisi.
24 (3:23)
25 Nalika semana ana sawetara
muridé Nabi Yohanes Pembaptis padha
bebantahan karo wong Yahudi bab
Prenatan sesuci.
26 Para muridé Nabi Yohanes Pembaptis
mau padha matur: "Guru, menapa
Panjenengan kèngetan dhateng tiyang
ing sabranging Lèpèn Yardèn, ingkang
Panjenengan tedahaken dhateng kula
kala semanten? Tiyang menika ugi
mbaptisi, lan tiyang sedaya sami mrika,
murugi tiyang wau!"
27 Nanging Nabi Yohanes mangsuli:
"Ora ana wong sing duwé apa-apa,
yèn ora kaparingaké déning Gusti Allah
marang dhèwèké.

28 Kowé dhéwé wis padha krungu
tembungku: aku iki dudu Sang Kristus.
Mung kadhawuhan ndhisiki tindaké.
29 Pengantèn wadon kuwi duwèké
pengantèn lanang. Kancané pengantèn
lanang mung ngadeg, ngancani lan
ngrungokaké; wong mau wis seneng yèn
krungu swarané pengantèn lanang. Kaya
mengkono uga aku. Saiki aku seneng
banget.
30 Wis samesthiné yèn Panjenengané
saya mundhak, lan aku saya suda."
31 "Sing rawuh saka ing ngaluhur
kuwi ngungkuli sekabèhé. Sing asalé
saka jagad iki kegolong wong-wong
jagad lan sing diomongaké ya prekara-
prekara sing magepokan karo jagad.
Panjenengané sing pinangkané saka ing
ngaluhur, kuwi ngungkuli sekabèhé.
32 Panjenengané ngandikakaké apa
sing wis dipirsani lan wis dipirengaké,
nanging ora ana wong siji waé sing
precaya marang pawartané.
33 Wong sing padha precaya marang
pangandikané, padha ngakoni yèn Gusti
Allah kuwi bener.
34 Wong sing diutus déning Gusti Allah
kuwi nggawa pawarta saka Gusti Allah,

sebab Gusti Allah wis maringaké Rohé
marang utusané mau tanpa wangenan.
35 Sang Rama ngasihi marang Sang
Putra lan wis masrahaké samubarang
kabèh marang Sang Putra.
36 Wong sing precaya marang Sang
Putra ngalami urip sejati. Nanging wong
sing ora precaya marang Sang Putra ora
bakal ngalami urip sejati, lan bebenduné
Gusti Allah tetep nempuh marang wong
mau."
4 1 Wong Farisi padha krungu yèn
Gusti Yésus olèh murid lan mbaptisi
wong luwih akèh ketimbang karo Nabi
Yohanes.
2 (Satemené Gusti Yésus dhéwé ora
mbaptis; sing mbaptis para sekabat.)
3 Nalika pirsa yèn wong Farisi padha
krungu bab kuwi, Gusti Yésus nuli tindak
saka tanah Yudéa, menyang tanah
Galiléa.
4 Tindaké mau ngersakaké miyos tanah
Samaria.
5 Ing tanah Samaria kono Gusti Yésus
rawuh ing kutha Sikhar, ora adoh saka
palemahan, sing biyèn déning Yakub
diparingaké marang putrané sing jeneng
Yusuf.

6 Ing kono ana sumuré Rama Yakub.
Sarèhné sayah banget, Gusti Yésus nuli
lenggah ing pinggir sumur mau. Nalika
semana kira-kira jam rolas awan.
7 Nuli ana wong wadon Samaria teka
arep ngangsu. Gusti Yésus nuli ngandika
marang wong mau: "Aku wènèhana
ngombé."
8 Para sekabaté lagi padha lunga
menyang kutha, tuku pangan.
9 Wong wadon Samaria mau mangsuli:
"Panjenengan rak priyantun Yahudi lan
kula menika tiyang Samaria. Kénging
menapa Panjenengan mundhut ngunjuk
dhateng kula?" (Awit wong Yahudi karo
wong Samaria padha sesengitan.)
10 Pangandikané Gusti Yésus: "Yèn
kowé ngerti bab ganjaran peparingé
Gusti Allah lan ngerti sapa sing njaluk
ngombé marang kowé, mesthi kowé
dhéwé sing malah bakal njaluk ngombé
marang wong mau lan wong kuwi bakal
mènèhi kowé banyu sing marakaké
urip."
11 Aturé wong wadon mau:
"Panjenengan mboten kagungan timba,
mangka sumur menika lebet sanget.

Saking pundi enggèn Panjenengan saged
maringi toyaning gesang?
12 Sumur menika tilaranipun leluhur
kita, Rama Yakub. Rama Yakub
piyambak ngunjuk saking toya sumur
menika, mekaten ugi para putra lan
raja-kayanipun. Menapa Panjenengan
ngungkuli leluhur kita Yakub?"
13 Pangandikané Gusti Yésus: "Kabèh
wong sing ngombé banyu iki bakal
ngelak menèh,
14 nanging wong sing ngombé banyu
sing Dakwènèhaké, selawasé ora bakal
ngelak. Awit banyu sing Dakwènèhaké
kuwi bakal dadi sumber sing mili terus,
lan ndadèkaké wong mau lestari urip ing
selawasé!"
15 Aturé wong wadon mau: "Kula mbok
Panjenengan paringi toya menika,
supados kula mboten ngelak malih, lan
mboten prelu ngangsu mriki."
16 Pangandikané Gusti Yésus: "Lungaa,
bojomu undangen lan balia mréné."
17 Aturé wong wadon mau: "Kula
mboten gadhah sémah." Pangandikané
Gusti Yésus: "Pancèn bener kandhamu:
‘Kula mboten gadhah sémah,’

18 sebab kowé wis kawin karo wong
lanang lima, lan wong lanang sing
saiki urip bebarengan karo kowé,
kuwi satemené dudu bojomu. Mulané,
kandhamu mau bener."
19 "Samenika kula sumerep, bilih
Panjenengan menika Nabi," aturé wong
wadon mau.
20 "Leluhur kula sami manembah Gusti
Allah wonten ing redi menika, nanging
bangsa Panjenengan, bangsa Yahudi,
criyos bilih panggènanipun tiyang
manembah Gusti Allah menika namung
wonten ing kitha Yérusalèm kémawon."
21 Pangandikané Gusti Yésus:
"Ngandela. Bakal ana wektuné wong
manembah marang Gusti Allah ora ana
ing gunung iki lan uga ora ana ing kutha
Yérusalèm.
22 Kowé wong Samaria padha ora ngerti
sapa sing koksembah, nanging Aku
wong Yahudi ngerti, sebab keslametan
kuwi tekané lantaran wong Yahudi.
23 Bakal ana wektuné, malah saiki wis
kelakon, wong-wong sing nyembah
marang Sang Rama kanthi temenan,
kuwi panyembahé klawan Roh Suci lan
kanthi jujuring ati. Sebab iya srana

patrap mengkono kuwi Sang Rama kersa
disembah.
24 Gusti Allah kuwi Roh, lan wong sing
arep nyembah marang Gusti Allah kudu
nyembah Panjenengané kaya sapamisiké
Roh."
25 Wong wadon mau nuli matur marang
Gusti Yésus: "Kula sumerep bilih Sang
Kristus badhé rawuh. Menawi rawuh,
Panjenenganipun badhé nerangaken
samukawis dhateng kita."
26 Pangandikané Gusti Yésus: "Iya
Aku, sing lagi ngandikan karo kowé iki
Panjenengané."
27 Nalika semana para sekabaté Gusti
Yésus padha teka. Wong-wong mau
padha gumun weruh Gusti Yésus
ngandikan karo wong wadon. Nanging
ora ana siji waé sing nyuwun pirsa:
"Panjenengan ngandikan bab menapa?"
Utawa: "Menapa sebabipun Panjenengan
ngandikan kaliyan tiyang èstri menika?"
28 Wong wadon mau nuli ninggal
klenthingé ana ing kono, banjur énggal-
énggal lunga menyang kutha, sarta
kandha karo wong-wong ing kutha,
29 "Ayo padha ndelenga, ing kana ana
Wong sing ngandikakaké lelakonku

kabèh marang aku. Bisa uga kuwi Sang Kristus!"

30 Wong-wong mau nuli padha metu saka kutha marani Gusti Yésus.

31 Nalika semana para sekabaté Gusti Yésus ngaturi dhahar, aturé: "Guru, mangga kula aturi dhahar rumiyin!"

32 Nanging Gusti Yésus ngandika: "Aku duwé pangan sing ora kokngertèni."

33 Para sekabat nuli padha takon-tinakon: "Apa ana wong sing nyaosi dhahar?"

34 Gusti Yésus banjur ngandika: "Pangan-Ku, yakuwi nindakaké kersané Gusti Allah, sing ngutus Aku, lan ngrampungaké pegawéan sing wajib Daklakoni.

35 Kowé padha muni: ‘Isih patang sasi engkas, lagi panèn.’ Nanging kowé padha Dakkandhani: Padha ngungaka ing sawah-sawah. Pariné wis padha kuning, wis wayahé dienèni!

36 Wong-wong sing padha derep kuwi saiki padha nampa bawon lan padha nglumpukaké asilé pegawéané, yakuwi urip langgeng. Kuwi sebabé wong sing nyebar lan wong sing ngundhuh loro-loroné padha bungah bebarengan.

37 Tumraping prekara iki ana paribasan:
‘Wong liya sing nandur, wong liyané
menèh sing ngenèni.’
38 Kowé padha Dakutus ngenèni ing
sawah, sing digarap déning wong liya;
wong liya sing nggarap lan kowé sing
ngenèni pametuning garapané."
39 Akèh wong Samaria ing kutha kono,
sing padha precaya marang Gusti Yésus,
merga wong wadon mau kandha:
‘Panjenengané wis mbèbèraké marang
aku, samubarang sing wis tau daklakoni.’
40 Wong-wong Samaria bareng wis
ketemu karo Gusti Yésus, banjur
padha nyuwun kanthi banget, supaya
Panjenengané kersa pinarak ing omahé
wong-wong mau. Gusti Yésus kèndel ana
ing kono nganti rong dina.
41 Sawisé kuwi saya akèh menèh
wong sing padha precaya merga saka
piwulangé Gusti Yésus piyambak.
42 Wong-wong Samaria kuwi padha
kandha karo wong wadon mau: "Saiki
aku padha precaya marang Gusti Yésus,
ora mung merga saka paseksimu,
nanging merga aku dhéwé wis padha
ngrungokaké pangandikané, lan ngerti

yèn Panjenengané kuwi pancèn Sang
Kristus."
43 Sawisé kèndel ana ing tanah Sikhar
rong dina, Gusti Yésus nuli tindak
menyang tanah Galiléa.
44 Panjenengané wis ngandika: "Nabi
kuwi yèn ana ing negarané dhéwé ora
kajèn."
45 Nanging nalika tekan ing tanah
Galiléa, wong-wong ing kana padha
nampa Panjenengané klawan bungah,
sebab nalika padha ana ing kutha
Yérusalèm, yakuwi nalika Riaya Paskah,
wong-wong mau wis padha weruh apa
sing dhèk semana ditindakaké déning
Gusti Yésus.
46 Gusti Yésus nuli tindak menèh
menyang kutha Kana, ing tanah Galiléa,
panggonan enggoné Panjenengané
damel mujijat banyu dadi anggur. Ing
kono ana sawijining pegawé kraton, sing
anaké lagi lara ing Kapèrnaum.
47 Nalika krungu yèn Gusti Yésus
rawuh saka tanah Yudéa menyang
tanah Galiléa, wong mau nuli sowan
ing ngarsané Gusti Yésus, sarta
nyuwun, supaya kersa tindak menyang

Kapèrnaum, marasaké anaké, sing wis
mèh mati.
48 Gusti Yésus ngandika marang pegawé
kraton mau: "Apa kowé durung precaya,
yèn durung ndeleng mujijat-mujijat lan
kaélokan-kaélokan."
49 Wangsulané pegawé kraton mau:
"Kula aturi énggal tindak, Guru,
mumpung anak kawula dèrèng pejah."
50 Dhawuhé Gusti Yésus: "Wis balia,
anakmu urip." Wong mau precaya
marang pangandikané Gusti Yésus,
banjur mulih.
51 Nalika lagi mlaku mulih, ana abdiné
sawetara padha methukaké lan matur:
"Keng putra sampun saras."
52 Pegawé kraton mau nuli nakokaké
jam pira anaké wiwit waras. Para abdi
mau padha mangsuli: "Kala wingi
wetawis jam kalihwelas bentèripun ical."
53 Bapakné mau banjur kèlingan yèn
ing wayah kuwi Gusti Yésus ngandika
marang dhèwèké, ‘Anakmu urip’. Pegawé
kraton mau sebrayaté kabèh nuli padha
precaya marang Gusti Yésus.
54 Kuwi lelakon sing kaping pindhoné,
sing ditindakaké déning Gusti Yésus ana

ing Galiléa, sawisé Panjenengané rawuh
saka tanah Yudéa.

5 [1] Sawisé kuwi mbeneri riayané wong
Yahudi, Gusti Yésus tindak menyang
kutha Yérusalèm.
[2] Ing kutha Yérusalèm kono, ing
sacedhaké gapura, sing karan ‘Gapura
Wedhus’, ana blumbangé. Ing basa
Ibrani blumbang mau diarani: ‘Bèthèsda.’
Blumbang mau dikubengi èmpèr lima.
[3] Èmpèr mau kebak wong sing padha
gumléthak; ana sing wuta, ana sing
pincang, lan ana sing lumpuh. [Wong
kabèh mau padha ngentèni banyuné
blumbang mau kocak.
[4] Sebab ana Malaékaté Pangéran sing
mudhun menyang blumbang mau, sarta
ngocakaké banyuné. Yèn banyuné lagi
kocak, wong lara sing dhisik dhéwé
nyemplung ing blumbang, bakal mari,
ora preduli apa lelarané.]
[5] Ing panggonan mau, ana wong lanang
sing olèhé lara wis telung puluh wolu
taun lawasé.
[6] Gusti Yésus pirsa wong mau
gumléthak ana ing kono, lan uga pirsa
yèn wong mau olèhé lara wis suwé
banget. Mulané Gusti Yésus ngandika

marang wong mau: "Apa kowé kepéngin
waras?"
7 Wong kuwi nuli matur: "Guru, kula
menika mboten gadhah réncang ingkang
saged nyemplungaken kula wonten
ing blumbang, samangsa toyanipun
blumbang menika kocak. Lan salebetipun
kula saweg nyobi badhé nyemplung ing
blumbang, sampun wonten tiyang sanès
ingkang ngrumiyini."
8 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong mau: "Tangia, mlakua, klasamu
gawanen!"
9 Sanalika wong mau dadi waras. Banjur
mlaku karo nggawa klasané. Kelakoné
kuwi mau ing dina Sabbat.
10 Mulané para penggedhé Yahudi
ngaruh-aruhi wong sing mentas
diwarasaké mau: "Saiki dina Sabbat.
Kowé ora kena nggawa klasa, kuwi nerak
prenataning agama."
11 Nanging wong mau mangsuli:
"Kula dipun kèngkèn tiyang ingkang
nyarasaken kula, dhawuhipun: ‘Mlakua
lan klasamu gawanen!’"
12 "Sapa wongé sing akon kowé: ‘Mlakua
lan klasamu gawanen!’," pitakoné para
penggedhé marang wong mau.

13 Nanging wong sing diwarasaké mau
ora ngerti sapa jenengé sing marasaké
dhèwèké. Sebab ana ing kono wongé
akèh banget, lan Gusti Yésus wis
nylimpet ing antarané wong akèh, lan
tindak saka kono.
14 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli ketemu
karo wong sing diwarasaké mau ana ing
Pedalemané Allah, Panjenenganė banjur
dhawuh marang wong mau: "Kowé saiki
wis waras, mulané dingati-ati, aja gawé
dosa menèh. Menawa kowé gawé dosa
menèh, kowé bakal ngalami sing luwih
abot ketimbang karo sing kokalami
saiki."
15 Wong mau nuli lunga, banjur kandha
karo para penggedhéné bangsa Yahudi,
yèn sing marasaké dhèwèké kuwi Gusti
Yésus.
16 Merga saka kuwi para penggedhé
mau padha arep nganiaya Gusti Yésus,
sebab Panjenenganė wis marasaké wong
ing dina Sabbat.
17 Nanging Gusti Yésus ngandika
marang wong-wong mau: "Rama-Ku ora
kendhat nyambut-gawé; mulané Aku ya
wajib tansah nyambut-gawé."

18 Pangandikané sing mengkono mau marakaké para penggedhé Yahudi saya nemen enggoné ngarah sédané Gusti Yésus. Enggoné padha tumindak mengkono mau ora mung merga Gusti Yésus nerak prenatané dina Sabbat, nanging uga merga Panjenenganè ngandika yèn Gusti Allah kuwi Ramané. Kuwi ateges yèn Panjenenganè madhakaké sariranè karo Gusti Allah.
19 Gusti Yésus ngandika marang wong-wong mau mengkéné: "Aku kandha satemené: Sang Putra ora nindakaké apa-apa saka kersané dhéwé. Mung apa sing dipirsani katindakaké déning Sang Rama, yakuwi sing ditindakaké Sang Putra. Sebab apa sing ditindakaké déning Sang Rama, kuwi uga sing ditindakaké déning Sang Putra.
20 Awit Sang Rama ngasihi Sang Putra. Sang Rama mau nedahaké sabarang sing ditindakaké piyambak marang Sang Putra. Malah Sang Rama bakal nedahaké prekara-prekara sing luwih gedhé menèh marang Sang Putra nganti kowé padha gumun.
21 Awit padha kaya Sang Rama enggoné nangèkaké wong sing wis mati, lan

maringi urip marang wong-wong
mau, mengkono uga Sang Putra kuwi
maringi urip marang wong-wong sing
dikersakaké.
22 Sang Rama piyambak ora ngadili
sapa-sapa, sebab sakèhé pangwasa
kanggo ngadili wis dipasrahaké marang
Sang Putra.
23 Enggoné Sang Rama nindakaké
mengkono mau supaya wong kabèh
padha ngurmati Sang Putra, padha karo
enggoné ngurmati Sang Rama. Wong
sing ora ngurmati Sang Putra, uga ora
ngurmati Sang Rama, sing ngutus Sang
Putra.
24 Kowé padha Dakkandhani: Wong sing
ngrungokaké tembung-Ku lan precaya
marang sing ngutus Aku, wong kuwi
ngalami urip sejati. Wong mau ora bakal
diukum, wis lolos saka ing pati lan mlebu
ing urip.
25 Padha ngandela: Bakal ana wektuné
— malah saiki wis kelakon — wong mati
padha krungu swarané Putrané Allah.
Lan wong sing padha ngrungokaké bakal
urip.
26 Sang Rama maringi urip marang
samubarang sing ana ing donya kéné;

kaya mengkono uga Sang Rama wis
maringaké pangwasa marang Sang Putra
dadi sumbering urip, supaya maringi urip
marang samubarang sing ana ing donya!
27 Sang Rama wis maringi pangwasa
marang Sang Putra nindakaké
pengadilan, sebab Panjenenganė iya
jumeneng Putraning Manungsa.
28 Aja gumun menawa kowé padha
krungu prekara iki, yakuwi yèn bakal
tekan wektuné, sakèhing wong mati sing
ana ing kubur bakal krungu swarané
Sang Putra,
29 banjur padha metu saka kuburé.
Kabèh wong sing nglakoni kabecikan
bakal katangèkaké, supaya urip ing
selawasé. Nanging wong sing nglakoni
piala, bakal ditangèkaké prelu diukum."
30 "Aku ora bisa nindakaké apa-apa
saka karepku dhéwé. Enggon-Ku ngadili
kuwi manut apa sing didhawuhaké
déning Gusti Allah marang Aku. Mulané
putusan-Ku kuwi adil, awit Aku ora
nuruti karep-Ku dhéwé. Aku mung
manut kersané Sang Rama, sing ngutus
Aku.

31 Yèn Aku mènèhi paseksi tumrap
awak-Ku dhéwé, paseksi-Ku kuwi ora
sah.
32 Nanging ana liyané menèh sing
mènèhi paseksi mungguh ing Aku, lan
Aku ngerti yèn paseksiné kuwi bener.
33 Kowé wis padha kongkonan wong
marang Nabi Yohanes Pembaptis,
supaya takon bab Aku, lan Nabi Yohanes
Pembaptis wis mènèhi paseksi sing
bener mungguh ing Aku.
34 Karep-Ku ora merga butuh paseksiné
manungsa, nanging kandha-Ku
mengkono kuwi kanggo keslametanmu.
35 Nabi Yohanes kuwi kaya lampu
sing murub lan sing madhangi, lan
mung sawetara mangsa kowé gelem
kepadhangan sunaré lampu mau.
36 Nanging Aku duwé paseksi sing
luwih kuwat ketimbang karo paseksiné
Nabi Yohanes, yakuwi sakèhing
penggawé sing didhawuhaké déning
Sang Rama, sing kudu Daklakoni, lan
sing Daktindakaké saiki iki. Kabèh
penggawé sing Daktindakaké saiki kuwi
mbuktèkaké, yèn Aku iki diutus déning
Sang Rama.

37 Apa menèh Sang Rama sing ngutus
Aku uga wis maringi paseksi mungguh
ing Aku. Kowé durung tau padha krungu
swarané, utawa weruh rupané.
38 Kowé padha ora gelem ngèstokaké
pangandikané, sebab kowé padha ora
precaya karo wong sing diutus déning
Sang Rama mau.
39 Kowé padha nyinau Kitab Suci, merga
ngira yèn srana nyinau Kitab Suci mau
kowé bakal olèh urip sejati. Mangka
Kitab Suci kuwi neksèni bab Aku!
40 Nanging kowé padha ora gelem
marani Aku supaya olèh urip sejati.
41 Aku ora kepéngin diurmati déning
wong.
42 Nanging Aku ngerti kaananmu, yèn
ing sajroning atimu kowé ora tresna
marang Gusti Allah.
43 Teka-Ku iki atas asmané Rama-Ku,
nanging kowé padha nampik Aku.
Menawa ana wong liya sing teka, atas
jenengé dhéwé, kowé padha gelem
nampa wong mau.
44 Kowé padha ora gelem precaya,
sebab kowé padha duwé pamrih,
kepéngin diurmati déning pepadhamu,

lan ora nggayuh kaurmatan kang saka
Gusti Allah, sing asipat Tunggal.
45 Aja ngira yèn Aku bakal nggugat
kowé ing ngarsané Sang Rama. Sing
nggugat kowé kuwi malah Nabi Musa,
sing kokendel-endelaké.
46 Menawa kowé precaya temenan karo
Nabi Musa, kowé mesthi uga precaya
karo Aku, sebab Nabi Musa nulis bab
Aku.
47 Nanging yèn kowé padha ora precaya
marang sing ditulis déning Nabi Musa,
kepriyé bisamu precaya marang apa sing
Dakkandhakaké?"

6 1 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli tindak
menyang sabrangé Tlaga Galiléa,
sing uga disebut: Tlaga Tibérias.
2 Akèh wong sing ndhèrèkaké
Panjenengané, sebab wis padha ndeleng
mujijat-mujijat sing ditindakaké déning
Gusti Yésus, nalika Panjenengané
marasaké wong-wong lara.
3 Gusti Yésus nuli minggah ing gunung,
banjur lenggah ana ing kono karo para
sekabaté.
4 Nalika semana ngarepaké Paskah,
riayané wong Yahudi.

5 Bareng mirsani ngiwa-nengen, Gusti
Yésus mirsa wong akèh gumrudug
marani Panjenengané. Gusti Yésus
nuli ngandika marang Filipus: "Ana
ing ngendi enggoné bisa tuku pangan,
kanggo wong kabèh iki?"
6 (Enggoné Gusti Yésus ngandika
mengkono mau mung kanggo nyoba
Filipus; Gusti piyambak wis pirsa apa
sing arep ditindakaké.)
7 Filipus mangsuli: "Roti pengaos
kalih atus dinar[f] dèrèng cekap kanggé
tiyang-tiyang menika, senajan saben
tiyang namung dipun sukani sekedhik-
sekedhik."
8 Sekabaté Gusti Yésus liyané, yakuwi
Andréas, seduluré Simon Pétrus, matur,
9 "Ing ngriki wonten laré jaler, ingkang
gadhah roti sair[g] gangsal iji lan ulam
loh kalih. Nanging menapa ginanipun
kanggé tiyang semanten kathahipun?"
10 Gusti Yésus nuli dhawuh marang para
sekabaté: "Wong-wong kabèh konen
padha linggih!" Ing panggonan kono

---

[f] dinar: arta Rumawi. Sedinar menika épahipun tiyang glidhig ingkang nyambut-damel sedinten muput.

[g] sair: bangsanipun canthèl.

suketé akèh banget. Wong-wong nuli
padha linggih — sing lanang cacahé
wetara limang èwu.
11 Gusti Yésus mundhut roti mau,
banjur saos sukur marang Gusti Allah.
Nuli ngedum-edum marang sing padha
linggih ana ing kono; mengkono uga
iwaké. Wong kabèh padha mangan
nganti wareg.
12 Gusti Yésus ngandika marang para
sekabaté: "Sisané padha klumpukna;
aja ana sethithik waé sing dibuang."
13 Para sekabat nuli njupuki sisa-sisa
mau kabèh. Bareng diwadhahi dadi rolas
rinjing kebak; semono sisané roti sair
lima lan iwak loh loro, sing dipangan
déning wong-wong mau.
14 Bareng wong akèh mau weruh
kaélokan sing ditindakaké déning Gusti
Yésus, nuli padha muni: "Nyata, iki Sang
Nabi sing rawuhé kita anti-anti!"
15 Sarèhné Gusti Yésus pirsa, yèn
wong-wong mau arep meksa ngangkat
Panjenenganè dadi ratu, Gusti Yésus nuli
sumingkir, sarta minggah gunung menèh
piyambakan.

16 Bareng wis surup, para sekabaté
Gusti Yésus nuli padha mudhun menyang
tlaga.
17 Banjur padha mrau, arep nyabrang
menyang kutha Kapèrnaum. Nalika
semana wis bengi, éwasemono Gusti
Yésus durung rawuh.
18 Kocapa, ombaké tlaga saya gedhé,
sebab anginé sansaya banter.
19 Bareng para sekabat enggoné
nunggang prau kira-kira wis olèh papat
tekan limang kilomèter, dumadakan
padha weruh Gusti Yésus tindak napak
ing banyu nyedhaki prauné. Para sekabat
padha wedi banget,
20 nanging Gusti Yésus ngandika: "Aja
padha wedi, iki Aku dhéwé!"
21 Sawisé mengkono para sekabat
ngaturi Gusti Yésus mlebet ing prau.
Nanging prauné wis tekan panggonan
sing dituju.
22 Ésuké wong-wong sing isih ana
ing sabrangé tlaga padha weruh
yèn ing kono prauné mung kari siji.
Wong-wong mau iya padha weruh, yèn
para sekabaté Gusti Yésus wis padha
mangkat dhisik, lan Gusti Yésus ora nitih
prau bebarengan karo para sekabaté.

23 Prau-prau liyané teka saka
kutha Tibérias, padha labuh cedhak
panggonané wong-wong wingi padha
mangan roti, sing didongani Gusti Yésus.
24 Bareng wong-wong mau padha
weruh, yèn Gusti Yésus lan para
sekabaté ora ana ing kono, nuli padha
nunggang prau, nggolèki menyang kutha
Kapèrnaum.
25 Bareng wong-wong mau padha
ketemu karo Gusti Yésus ana ing
sabrangé tlaga, nuli padha nyuwun
pirsa marang Panjenengané: "Guru,
kala menapa Panjenengan dumugi ing
ngriki?"
26 Gusti Yésus ngandika: "Aku kandha
satemené: Enggonmu padha nggolèki
Aku kuwi ora merga kowé wis padha
ngerti tegesé kaélokan-kaélokan sing
Daktindakaké, nanging merga kowé wis
padha mangan roti nganti wareg.
27 Aja padha ngudi marang pangan
sing bisa rusak, nanging padha ngudia
olèh pangan sing tahan selawasé, lan
sing mènèhi urip sejati. Pangan sing
mengkono kuwi bakal diparingaké
déning Putraning Manungsa; awit

Panjenengané wis diparingi pangwasa
déning Allah Sang Rama."
28 Wong-wong mau nuli padha nyuwun
pirsa: "Menapa ingkang kedah sami kula
lampahi, supados saged nindakaken
kersanipun Gusti Allah?"
29 Pangandikané Gusti Yésus: "Sing
dikersakaké déning Gusti Allah supaya
koklakoni, yakuwi precaya marang wong
sing diutus déning Panjenengané."
30 Pitakoné wong-wong mau: "Menawi
mekaten, mujijat menapa ingkang
Panjenengan tindakaken, supados kula
saged sami nyipati, lajeng pitados
dhateng Panjenengan? Panjenengan
saged nindakaken menapa?
31 Para leluhur kula sami nedha manna
wonten ing ara-ara samun, kados
ingkang kaserat ing Kitab Suci: ‘Padha
diparingi mangan roti saka swarga.’"
32 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong-wong mau: "Aku kandha satemené
marang kowé: Roti sing diparingaké
déning Nabi Musa kuwi roti saka swarga;
sing maringi roti sejati saka swarga
marang kowé kabèh kuwi Rama-Ku.
33 Awit roti sing diparingaké déning
Gusti Allah, yakuwi Putraning Allah

sing tumedhak saka swarga, sarta sing
maringi urip sejati marang jagad."
34 Aturé wong-wong mau: "Guru, kula
mugi Panjenengan paringi roti menika
ing selaminipun."
35 Pangandikané Gusti Yésus: "Aku iki
roti sing nguripi; sing sapa marani Aku,
ora bakal luwé menèh. Lan wong sing
precaya marang Aku, ora bakal ngelak
menèh.
36 Kowé wis padha Dakkandhani:
senajan kowé wis padha ndeleng Aku,
éwasemono kowé padha ora precaya.
37 Kabèh wong sing diparingaké déning
Sang Rama marang Aku, kuwi bakal
padha marani Aku. Aku ora bakal nampik
sapa waé sing marani Aku.
38 Sebab enggon-Ku tumedhak saka
swarga kuwi ora supaya Aku nglakoni
karep-Ku dhéwé, nanging kersané Gusti
Allah sing ngutus Aku.
39 Déné kersané Gusti Allah sing ngutus
Aku kuwi mengkéné: Kabèh wong sing
wis diparingaké marang Aku, kuwi aja
nganti ana sing ilang, nanging supaya
Daktangèkaké menèh ing Dina Kiamat.
40 Sebab yakuwi kersané Rama-Ku:
supaya wong kabèh sing ndeleng Sang

Putra lan precaya marang Panjenengané
bisa olèh urip langgeng lan mbésuk ing
Dina Kiamat Daktangèkaké."
41 Wong-wong Yahudi padha pating
kedumel, nggrenengi Gusti Yésus, sebab
Panjenengané ngandika: "Aku iki roti
sing tumurun saka swarga."
42 Wong-wong mau padha muni
mengkéné: "Apa kuwi dudu Yésus,
anaké Yusuf? Aku rak padha wanuh
karo bapa-biyungé? Kepriyé bisané
kandha yèn dhèwèké kuwi tumurun saka
swarga?"
43 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong-wong mau: "Kowé aja padha
nggrundel.
44 Ora ana wong siji waé sing bisa
marani Aku, kejaba menawa Sang Rama,
sing ngutus Aku kuwi, nggèndèng wong
mau marang Aku, temah wong mau
bakal Daktangèkaké ing Dina Kiamat.
45 Ing Kitabé para nabi ana tulisan
mengkéné: ‘Wong kabèh bakal diwulang
déning Gusti Allah!’ Mulané sakèhing
wong sing wis padha ngrungokaké lan
sing nampani piwulang saka Sang Rama
mau, bakal marani Aku.

46 Kuwi ora ateges yèn wis ana wong
sing tau weruh marang Sang Rama.
Mung Sang Putra, sing pinangkané saka
Allah, kuwi sing wis ndeleng Sang Rama.
47 Padha élinga! Sing sapa precaya
marang Aku, bakal ngrasakaké urip
sejati.
48 Aku iki roti sing nguripaké.
49 Leluhurmu padha mangan manna
ana ing ara-ara samun, nanging padha
ngalami mati.
50 Béda banget karo roti, sing tumurun
saka swarga; wong sing mangan roti
kuwi ora bakal mati.
51 Aku iki roti sing nguripaké, yakuwi
roti sing tumurun saka swarga. Wong
sing mangan roti mau bakal urip
selawasé. Roti sing Dakwènèhaké yakuwi
daging-Ku. Daging-Ku Dakwènèhaké,
supaya jagad iki urip."
52 Pangandikané Gusti Yésus sing
mengkono mau marakaké wong-wong
Yahudi banjur padha bebantahan siji
karo sijiné. Uniné: "Kepriyé bisané wong
kuwi mènèhaké dagingé, supaya kita
pangan?"
53 Gusti Yésus banjur ngandika marang
wong-wong mau: "Élinga, yèn kowé

padha ora mangan dagingé Putrané
Manungsa kuwi lan ora ngombé getihé,
kowé mesthi padha ora kadunungan
urip.
54 Wong sing mangan daging-Ku
lan ngombé getih-Ku, wong kuwi
nduwèni urip langgeng, sarta Aku bakal
nangèkaké wong mau ing Dina Kiamat.
55 Awit daging-Ku kuwi pangan sing
sejati, lan getih-Ku kuwi ombèn-ombèn
sing sejati.
56 Wong sing mangan daging-Ku lan
ngombé getih-Ku, wong kuwi uripé bakal
nunggil karo Aku lan Aku bakal nunggil
karo wong mau.
57 Padha kaya Sang Rama, sing ngutus
Aku sipat gesang, lan Aku urip déning
Sang Rama. Mengkono uga wong sing
mangan daging-Ku bakal urip déning
Aku.
58 Iki roti sing tumurun saka swarga.
Dudu roti kaya sing dipangan déning
para leluhurmu, awit sawisé padha
mangan roti mau isih ngalami mati.
Nanging wong sing mangan roti iki bakal
urip ing selawasé."
59 Iku mau kabèh dingandikakaké
déning Gusti Yésus nalika Panjenengané

memulang ana ing sinagogé ing
Kapèrnaum.
60 Akèh para muridé Gusti Yésus sing
padha krungu pangandikané mau.
Banjur padha muni: "Piwulangé kuwi
kokangèl temen. Sapa sing ngerti?"
61 Tanpa ana sing matur marang
Panjenengané, Gusti Yésus wis pirsa
yèn para muridé padha nggrundeli
piwulangé. Mulané Gusti Yésus nuli
ngandika: "Apa kowé padha ora seneng
karo piwulang iki?
62 Yèn mengkono, kepriyé saupama
kowé mengko padha weruh Putraning
Manungsa sumengka kondur menyang
ing swarga?
63 Sing nguripaké manungsa kuwi
Rohé Allah. Kekuwatané manungsa ora
ana paédahé babar-pisan. Tembung-
tembung sing Dakkandhakaké marang
kowé iki saka Rohé Allah lan tembung-
tembung kuwi sing nguripaké.
64 Éwasemono ing antaramu ana sing
ora precaya." (Saka wiwitan mula Gusti
Yésus wis pirsa sapa waé sing ora padha
gelem precaya, lan sapa sing bakal
ngulungaké Panjenengané.)

65 Gusti Yésus nuli ngandika menèh:
"Kuwi sebabé Aku ngandhani kowé, yèn
ora ana wong siji waé sing bisa marani
Aku, yèn ora digèndèng déning Sang
Rama."
66 Wiwit nalika semana akèh para
muridé sing padha mundur lan ora gelem
ndhèrèkaké Panjenengané.
67 Gusti Yésus nuli ndangu marang para
sekabaté rolas mengkéné: "Apa kowé
uga padha arep ninggal Aku?"
68 Simon Pétrus mangsuli: "Gusti,
sinten ingkang badhé kula dhèrèki?
Panjenengan ingkang kagungan
pangandika ingkang maringi gesang
sejatos.
69 Samenika kula sampun sami pitados
lan yakin bilih Panjenengan menika
Tiyang Suci, Utusanipun Allah."
70 Gusti Yésus nuli ngandika: "Sing
milih kowé wong rolas kuwi Aku dhéwé.
Nanging siji saka panunggalanmu kuwi
Iblis!"
71 Sing dikersakaké déning Gusti Yésus
yakuwi Yudas, anaké Simon Iskariot.
Sebab senajan Yudas mau panunggalané
murid rolas, nanging bakal ngulungaké
Panjenengané.

7 1 Sawisé mengkono, Gusti Yésus nuli
tindak mider-mider ing tanah Galiléa.
Panjenenganė ora kersa tindak menyang
tanah Yudéa, sebab para penggedhéné
bangsa Yahudi ing kana padha ngarah
arep nyédani Panjenenganė.
2 Nalika semana ngarepaké riayané
wong Yahudi, sing disebut Riaya Tarub
Godhong.
3 Mulané para sedhèrèké Gusti Yésus
padha matur: "Beciké kowé menyang
tanah Yudéa, supaya para murid-Mu ing
kana uga ndeleng penggawé-Mu.
4 Wong sing kepéngin misuwur kuwi
penggawéné ora diumpetaké. Apa sing
saiki koktindakaké kuwi beciké diweruhi
déning wong sajagad."
5 (Sebab para sedhèrèké Gusti Yésus
piyambak padha ora precaya marang
Panjenengané.)
6 Pangandikané Gusti Yésus: "Kanggoné
Aku, iki durung wektuné, béda karo
kowé. Kowé bisa lunga sawayah-wayah,
7 sebab jagad ora sengit karo kowé.
Nanging karo Aku, jagad kuwi sengit
banget. Sebab Aku selawasé kandha
marang jagad, yèn penggawéné ala.

8 Padha mangkata dhéwé nekani riaya
kuwi. Aku ora arep mrana, jalaran iki
durung wektu-Ku."
9 Mengkono pangandikané Gusti Yésus
marang para sedhèrèké. Panjenengané
kantun ana ing tanah Galiléa.
10 Bareng para sedhèrèké wis padha
mangkat nekani Riaya Tarub Godhong
ing kutha Yérusalèm, Gusti Yésus kantun
piyambakan, tanpa ana wong sing
ngerti.
11 Ana ing riaya kono para penggedhéné
wong Yahudi padha nggolèki
Panjenengané, karo takon-takon:
"Endi sing jenengé Yésus?"
12 Ing antarané wong akèh sing padha
ngumpul ing pahargyan mau ana sing
padha rerasanan bab Gusti Yésus. Ana
sing kandha: "Panjenengané kuwi wong
sing becik," ana sing kandha: "Ora!
Wong kuwi tukang ngapusi."
13 Nanging ora ana siji waé sing wani
muni ngeblakakaké bab Panjenengané,
awit padha wedi marang para
penggedhéné wong Yahudi.
14 Bareng wis nengah-nengahi riaya,
Gusti Yésus mlebet ing Pedalemané
Allah, banjur memulang.

15 Para penggedhéné wong Yahudi
padha gumun, lan muni: "Wong kuwi
olèhé kawruh semono kuwi saka ngendi,
mangka ora tau sekolah?"
16 Gusti Yésus ngandika: "Piwulang sing
Dakwulangaké iki dudu piwulang-Ku
dhéwé, nanging piwulangé Allah sing
ngutus Aku.
17 Wong sing ngèstokaké dhawuhé
Allah, ngerti apa piwulang-Ku iki asalé
saka Gusti Allah, apa saka karep-Ku
dhéwé.
18 Wong sing memulang manut karepé
dhéwé, kuwi mung golèk alem lan
pakurmatan kanggo awaké dhéwé.
Nanging wong sing ngupaya kaluhurané
Allah, sing ngutus wong mau, kuwi
piwulangé jujur, lan ora nasaraké.
19 Nabi Musa rak wis maringaké
dhawuh-dhawuhé Allah marang kowé?
Nanging siji waé ora ana sing nglakoni
dhawuh-dhawuh mau. Apa sebabé kowé
padha arep matèni Aku?"
20 Wong akèh mau padha mangsuli:
"Panjenengan menika mboten saras!
Sinten ingkang badhé nyédani
Panjenengan?"

21 Gusti Yésus ngandika: "Aku mung
lagi nindakaké prekara siji sing ora
lumrah, kowé wis padha gumun kabèh.
22 Nabi Musa wis gawé prenatan
kanggo kowé, supaya kowé padha netaki
anak-anakmu. Lan merga saka kuwi
kowé padha gelem netaki wong, senajan
ana ing dina Sabbat. (Mangka satemené
dudu Musa sing sekawit netaki wong,
nanging para leluhur kita sadurungé
Nabi Musa.)
23 Yèn kowé padha netaki wong ing
dina Sabbat, mung supaya aja nerak
angger-anggeré Nabi Musa, apa sebabé
kowé padha panas atimu, merga Aku
marasaké badan sekojur ing dina
Sabbat?
24 Aja padha ngukumi wong manut
apa sing katon waé, nanging padha
ngukumana kanthi adil lan bener."
25 Sawisé kuwi ana wong sawetara saka
kutha Yérusalèm padha muni: "Rak iki
wongé sing digolèki arep dipatèni?
26 Nanging, coba delengen! Wong kuwi
kokmemulang ana ing ngarepé umum,
tanpa ana sing ngganggu, lan ora ana
wong siji waé sing ngaruh-aruhi? Apa

para penggedhé kita saiki wis precaya,
yèn Wong iki Sang Kristus?
27 Jaréné yèn Sang Kristus rawuh, wong
padha ora ngerti asalé saka ngendi;
mangka tumrap wong iki, kita padha
ngerti saka ngendi asalé."
28 Nalika Gusti Yésus memulang ana
ing Pedalemané Allah, Panjenenganė
ngandika klawan swara sora: "Apa kowé
padha ngerti temenan sapa Aku iki?
Lan saka ngendi asal-Ku? Teka-Ku ora
saka karep-Ku dhéwé. Panjenenganė
sing ngutus Aku kuwi ora goroh,
nanging kowé padha ora wanuh karo
Panjenenganė.
29 Aku kang wanuh marang
Panjenenganė, lan iya Panjenenganė
kuwi sing ngutus Aku mréné."
30 Wong-wong mau padha kepéngin
nyekel Gusti Yésus, nanging ora ana sing
wani, sebab durung tekan mangsané.
31 Kejaba saka kuwi ing antarané wong
akèh mau, uga ora sethithik cacahé
sing precaya marang Panjenenganė.
Wong-wong sing precaya mau padha
muni: "Saupama Sang Kristus sing
dijanjèkaké déning Gusti Allah kuwi
rawuh, apa Panjenenganė iya bakal

nindakaké mujijat luwih akèh ketimbang
karo sing ditindakaké déning Wong iki?"
32 Para wong Farisi padha krungu
enggoné wong akèh padha rerasanan
bab Gusti Yésus, mulané bebarengan
karo para pengareping imam, banjur
kongkonan para wong sing jaga
Pedalemané Allah sawetara, supaya
nyekel Panjenenganė.
33 Pangandikané Gusti Yésus: "Enggon-
Ku awor karo kowé mung kari sedhéla.
Sawisé kuwi Aku bakal bali sowan
Panjenengané sing ngutus Aku.
34 Kowé bakal padha nggolèki Aku,
nanging ora bakal bisa nemokaké,
sebab kowé ora bisa nekani papan sing
Dakenggoni."
35 Para penggedhéné wong Yahudi
nuli padha takon-tinakon: "Wong iki
arep lunga menyang ngendi, kokkita
nganti ora bisa nemokaké? Apa arep
lunga menyang panggonané wong-wong
Yahudi, sing ana ing manca negara,
ana ing antarané wong Yunani, lan
memulang wong-wong kuwi?
36 Apa karepé muni: ‘Kowé bakal
nggolèki Aku, nanging ora bisa
nemokaké?’ Lan menèh tembungé:

‘Kowé ora bisa tekan papan sing
Dakenggoni.’"
37 Dina pungkasaning riaya kuwi dina
sing penting dhéwé. Ing dina mau
Gusti Yésus jumeneng, banjur ngandika
klawan sora: "Wong sing ngelak, padha
mrénéa supaya Dakwènèhi ngombé.
38 Ing Kitab Suci ana tulisan mengkéné:
‘Wong sing precaya marang Aku, ana
ing njeroning atiné wong mau bakal mili
banyu sing nguripaké.’"
39 (Sing dingandikakaké déning Gusti
Yésus kuwi bab Rohé Gusti Allah, sing
bakal diparingaké marang wong sing
padha precaya marang Panjenengané.
Sebab nalika semana Sang Roh Suci
durung diparingaké, merga Gusti Yésus
durung sumengka menyang swarga.)
40 Akèh wong sing padha ngrungokaké
pangandikané Gusti Yésus mau. Ing
antarané wong-wong mau ana sing
muni: "Panjenengané kuwi mesthi Nabi."
41 Nanging ana liyané menèh sing muni:
"Panjenengané kuwi Sang Kristus."
Nanging uga ana wong sing muni: "Ah,
mosok, Sang Kristus koktekané saka
tanah Galiléa?

42 Ing Kitab Suci rak katulis, yèn Sang Kristus sing dijanjèkaké déning Gusti Allah kuwi asalé saka tedhaké Sang Prabu Dawud, lan miyosé ana ing Bètléhèm, yakuwi kutha kelairané Sang Prabu Dawud."

43 Wusana wong-wong mau padha padu dhéwé prekara Gusti Yésus.

44 Ana wong sing arep padha nyekel Gusti Yésus, nanging ora ana siji waé sing wani nggepok Panjenengané.

45 Para wong sing jaga Pedalemané Allah wis didhawuhi nyekel Gusti Yésus, padha bali menèh nekani para pengareping imam lan wong-wong Farisi. Wong-wong mau padha ditakoni: "Apa sebabé Wongé ora kokgawa mréné?"

46 Wangsulané: "Wah, dèrèng naté wonten tiyang ingkang micara kados Tiyang menika."

47 Wangsulané wong-wong Farisi: "Lho, apa kowé wis padha katut karo Wong kuwi?

48 Apa ana ing antarané para penggedhé Yahudi utawa wong Farisi sing precaya marang Wong mau?

49 Kena ing laknat wong-wong gebleg
sing padha ora ngerti marang dhawuhing
Torèt."
50 Ing antarané wong-wong Farisi
mau ana sing tau nemoni Gusti Yésus
ing wayah bengi, jenengé Nikodémus.
Nikodémus mau nuli kandha karo
wong-wong Farisi liya-liyané:
51 "Manut prenataning agami, kita
mboten kénging ngukum tiyang,
sadèrèngipun prekawisipun dipun priksa,
lan menawi kita dèrèng sumerep menapa
ingkang katindakaken."
52 "É, é, é," wangsulané para wong
Farisi liyané, "Menapa panjenengan
inggih klebet golonganipun tiyang
Galiléa? Cobi panjenengan tliti saking
Kitab Suci, rak mboten wonten Nabi
ingkang asalipun saking tanah Galiléa?"
53 Sawisé kuwi wong kabèh banjur
padha mulih saka Pedalemané Allah ing
kutha Yérusalèm.

8

1 Nanging Gusti Yésus tindak
menyang Gunung Zaitun.
2 Ésuké Panjenengané tindak menèh
menyang Pedalemané Allah, lan akèh
wong sing padha marani Panjenengané.

Gusti Yésus nuli lenggah, banjur wiwit
mulang wong-wong mau.
3 Satengahé memulang, para ahli Torèt
lan wong-wong Farisi padha ngirid wong
wadon sing konangan lagi laku jina.
Wong wadon mau nuli digawa sowan ing
ngarsané Gusti Yésus, lan dikon ngadeg
ana ing tengah.
4 Wong-wong mau banjur padha
nyuwun pirsa marang Gusti Yésus:
"Guru, tiyang èstri menika pinanggih
lampah jina.
5 Ing Kitab Torèt, ingkang ngewrat
pepakèn-pepakènipun Allah, Nabi Musa
mrenata, bilih tiyang èstri ingkang kados
mekaten menika kedah dipun benturi
séla ngantos pejah. Menawi pemanggih
Panjenengan kados pundi?"
6 Pitakoné para wong Farisi sing
mengkono mau kanggo njégal marang
Gusti Yésus, kenaa kanggo nggugat
Panjenengané. Nanging Gusti Yésus
tumungkul waé, karo nyerat ing lemah
ngagem driji.
7 Bareng wong-wong mau padha
ngangseg nyuwun wangsulan, Gusti
Yésus nuli ndengèngèk, sarta ngandika
marang wong-wong mau: "Sapa

ing antaramu sing ora duwé dosa,
ndhisikana mbenturi watu marang wong
wadon kuwi."
8 Sawisé ngandika mengkono, Gusti
Yésus tumungkul menèh nyerat ana ing
lemah.
9 Bareng krungu pangandikané Gusti
Yésus mau, wong-wong nuli padha lunga
saka kono siji-siji, wiwit saka sing tuwa
dhéwé. Wekasané sing ana ing kono kari
Gusti Yésus piyambak karo wong wadon,
sing isih ana ing panggonané.
10 Gusti Yésus nuli jumeneng lan
ngandika marang wong wadon mau:
"Ana ngendi wong-wong mau? Apa ora
ana sing ngukum kowé?"
11 [Wangsulané wong wadon mau:
"Mboten wonten, Guru." Pangandikané
Gusti Yésus: "Sukur, yèn ngono Aku iya
ora ngukum kowé. Wis lungaa, lan aja
gawé dosa menèh."]
12 Gusti Yésus ngandika menèh
marang wong akèh sing padha ana ing
Pedalemané Allah, mengkéné: "Aku iki
Pepadhanging jagad. Wong sing ngetut
buri Aku bakal olèh pepadhang sing
nguripi. Wong mau ora bakal mlaku ing
sajroning pepeteng."

13 Aturé wong-wong Farisi marang
Gusti Yésus: "Panjenengan suka paseksi
tumrap badan Panjenengan piyambak.
Paseksi Panjenengan ingkang mekaten
menika mboten sah."
14 Pangandikané Gusti Yésus:
"Senajan Aku neksèni awak-Ku dhéwé,
éwasemono paseksi-Ku iki bener, sebab
Aku ngerti saka ngendi pinangka-Ku lan
menyang ngendi paran-Ku. Balik kowé
ora padha ngerti asal-Ku saka ngendi,
lan paran-Ku menyang ngendi.
15 Kowé padha ngadili wong, manut
caranè manungsa. Aku ora ngadili
sapa-sapa.
16 Nanging saupama Aku kepeksa kudu
ngadili, putusan-Ku kuwi adil, sebab Aku
ora ijèn, Sang Rama sing ngutus Aku
selawasé bebarengan karo Aku.
17 Ana ing Torètmu ana tulisan
mengkéné: ‘Paseksi sah yakuwi
paseksiné wong loro.’
18 Sing mènèhi paseksi mungguh Aku,
kuwi uga loro, yakuwi Aku lan Sang
Rama sing ngutus Aku."
19 Pitakoné wong-wong mau: "Rama
Panjenengan menika wonten ing pundi?"
Pangandikané Gusti Yésus: "Kowé padha

ora wanuh karo Aku. Kowé uga ora
wanuh karo Rama-Ku. Menawa kowé
wanuh karo Aku, kowé mesthi uga
wanuh karo Rama-Ku."
20 Kuwi kabèh dipangandikakaké déning
Gusti Yésus nalika Panjenenganè lagi
memulang ana ing Pedalemané Allah,
cedhak karo kothak-kothak pisungsung,
kagem Gusti Allah. Éwasemono ora ana
wong siji waé sing nyekel Panjenenganè,
sebab durung tekan mangsané.
21 Gusti Yésus ngandika marang
wong-wong mau: "Aku iki bakal lunga,
lan kowé bakal padha nggolèki Aku,
nanging kowé bakal padha mati nggawa
dosamu. Aku lunga menyang panggonan
sing ora bisa kokparani."
22 Mulané para penggedhéné wong
Yahudi padha muni: "Apa wong kuwi
arep nglalu, kokmuni: 'Menyang ngendi
paran-Ku, kowé padha ora bisa mrana?'"
23 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong-wong mau: "Kowé kuwi
pinangkamu saka ing ngisor; nanging
Aku saka ing ngaluhur. Pinangkamu saka
ing donya kéné, nanging pinangka-Ku
ora saka ing donya kéné.

24 Mulané Aku kandha karo kowé, yèn kowé bakal mati nggawa dosa-dosamu, yakuwi yèn kowé ora precaya, yèn ‘Aku iki Panjenengané Kang Ana!’"
25 Pitakoné wong-wong mau: "Panjenengan menika saleresipun sinten?" Pangandikané Gusti Yésus: "Kuwi wis ora prelu Dakkandhakaké menèh!
26 Akèh prekara sing arep Dakkandhakaké marang kowé, dhapur pandakwa. Nanging apa sing Dakkandhakaké marang jagad kuwi mung prekara sing Dakrungu saka Panjenengané sing ngutus Aku, sebab Panjenengané kuwi bener."
27 Wong-wong padha ora ngerti, yèn Gusti Yésus ngandikakaké bab Sang Rama.
28 Mulané Gusti Yésus nglajengaké pangandikané: "Mengko yèn kowé wis padha nyalib Putraning Manungsa, kowé bakal weruh yèn ‘Aku iki Panjenengané Kang Ana!’ Ing wektu kuwi kowé bakal ngerti, yèn apa sing Daklakoni, kuwi ora ana siji waé sing manut karep-Ku dhéwé, lan prekara sing Dakkandhakaké

mung apa sing wis diwulangaké déning
Sang Rama marang Aku.
29 Panjenenganė sing ngutus Aku,
kuwi selawasé bebarengan karo Aku.
Panjenengané ora tau nilar Aku ijèn,
sebab Aku tansah nindakaké sing dadi
renaning penggalihé."
30 Sawisé Gusti Yésus ngandikakaké
kuwi mau kabèh, akèh wong sing nuli
precaya marang Panjenengané.
31 Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli ngandika
marang wong-wong Yahudi, sing padha
precaya marang Panjenengané: "Kowé
kuwi nyata dadi murid-Ku, yèn kowé
padha nglakoni piwulang-Ku.
32 Nuli kowé bakal nglakoni kersané
Allah, lan srana mengkono kowé dadi
wong merdika."
33 "Kula menika sami anak-turunipun
Rama Abraham," aturé wong-wong mau,
"Kula sami dèrèng naté dados réncang
tumbasan! Menapa ingkang Panjenengan
kersakaken, kokngandika: ‘Kowé bakal
merdika?’"
34 Pangandikané Gusti Yésus: "Padha
élinga! Kabèh wong sing gawé dosa,
kuwi dadi baturé dosa.

35 Lan batur ora selawasé manggon
dadi saomah karo bendarané. Sing olèh
manggon selawasé dadi saomah, kuwi
para putra.
36 Yèn Sang Putra wis merdikakaké
kowé, kowé lagi dadi wong merdika
temenan.
37 Aku ngerti yèn kowé kuwi anak-
turuné Abraham. Éwasemono kowé arep
matèni Aku, sebab kowé ora gelem
nampani piwulang-Ku.
38 Sing Dakkandhakaké iki apa sing
dituduhaké déning Sang Rama marang
Aku; déné kowé padha nglakoni préntahé
bapakmu."
39 Wong-wong Yahudi mau padha
mangsuli: "Bapak kula menika Rama
Abraham." Pangandikané Gusti Yésus:
"Yèn kowé kuwi putrané Abraham
temenan, kowé mesthi padha nglakoni
apa sing dilakoni déning Rama Abraham.
40 Aku mung awèh weruh marang
kowé bab kayektèn sing Dakrungu saka
Gusti Allah, nanging kowé kokmalah
arep matèni Aku. Rama Abraham ora
nindakaké sing kaya mengkono kuwi!
41 Kowé padha nglakoni apa sing
dilakoni dhéwé déning bapakmu."

Wong-wong Yahudi mau nuli padha
mangsuli: "Kula menika sanès anak
jadah. Rama kula namung setunggal,
inggih menika Gusti Allah piyambak."
42 Gusti Yésus nuli ngandika marang
wong-wong mau: "Yèn Gusti Allah kuwi
Ramamu temenan, kowé mesthi tresna
marang Aku, sebab teka-Ku iki saka
kersané Gusti Allah, lan saiki ana ing
kéné. Teka-Ku mréné ora saka karep-Ku
dhéwé. Gusti Allah sing ngutus Aku.
43 Apa sebabé kowé kokora ngerti
marang apa sing Dakkandhakaké?
Nyatané kowé padha ora betah
ngrungokaké piwulang-Ku.
44 Bapakmu kuwi Iblis. Mulané kowé
iya arep padha nuruti kekarepané
bapakmu. Wiwit-wiwitan mula Iblis
kuwi tukang matèni wong. Iblis kuwi
tumindaké ora tau bener, sebab pancèn
ora duwé kayektèn. Iblis kuwi pancèn
tukang goroh, jalaran pancèn mengkono
kaananané. Lan sakèhing goroh kuwi asalé
saka dhèwèké.
45 Sarèhné Aku mulangaké bab sing
bener, sing saka Gusti Allah, mulané
kowé padha ora precaya marang Aku.

46 Sapa ing antaramu sing bisa
mbuktèkaké, yèn Aku duwé dosa?
Menawa Aku mulangaké bab kayektèn
sing saka Gusti Allah, apa sebabé kowé
padha ora precaya marang Aku?
47 Wong sing asalé saka Allah, kuwi
precaya marang pangandikané Allah.
Nanging kowé kuwi pinangkamu ora
saka Allah, mulané kowé padha ora
precaya."
48 Wong-wong Yahudi mau nuli padha
mangsuli: "Rak leres enggèn kula
mestani Panjenengan. Panjenengan
menika tiyang Samaria ingkang
kesurupan sétan."
49 Pangandikané Gusti Yésus: "Aku
iki ora kesurupan sétan. Aku ngurmati
Rama-Ku, nanging kowé ngina marang
Aku.
50 Aku ora golèk kaurmatan kanggo
awak-Ku dhéwé. Ana siji sing mundhut,
yakuwi Panjenengané sing uga ngadili
yèn Aku iki bener.
51 Élinga! Wong sing nggugu marang
tembung-Ku kuwi selawasé bakal ora
ngalami mati."
52 Wong-wong Yahudi nuli padha
mangsuli: "Samenika kula ngertos, bilih

Panjenengan menika èstu kesurupan
sétan! Jalaran Rama Abraham piyambak
ngalami séda, mekaten ugi sedaya nabi.
Nanging Panjenengan kokngandika:
‘Wong sing nggugu marang tembung-Ku
bakal ora mati.’
53 Menawi Rama Abraham piyambak
ngalami séda, lan nabi-nabi sedaya
ugi ngalami séda. Panjenengan menika
sinten? Menapa Panjenengan menika
ngungkuli Rama Abraham?"
54 Gusti Yésus gentos ngandika:
"Yèn Aku ngluhuraké awak-Ku dhéwé,
kaluhuran-Ku kuwi ora ana tegesé. Sing
ngluhuraké Aku kuwi Rama-Ku sing
koksebut Allahmu.
55 Mangka sejatiné kowé ora wanuh
marang Panjenenganė. Nanging Aku
wanuh marang Panjenenganė. Menawa
Aku kandha yèn Aku ora wanuh marang
Panjenenganė, Aku goroh, padha karo
kowé. Aku wanuh marang Gusti Allah lan
ngèstokaké dhawuhé.
56 Ramamu Abraham bungah banget,
nalika arep pirsa dina-Ku. Saiki wis
kelakon, mulané nuli bungah!"
57 Wong-wong Yahudi mau banjur padha
matur marang Gusti Yésus: "Yuswa

Panjenengan dèrèng wonten sèket
taun, kados pundi déné Panjenengan
koksampun naté pirsa Rama Abraham?"
58 Pangandikané Gusti Yésus: "Kowé
Dakkandhani satemené, sadurungé
Abraham lair Aku wis ana."
59 Wong Yahudi mau nuli padha njupuk
watu, arep mbenturi Gusti Yésus;
nanging Gusti Yésus ngoncati lan nilar
Pedalemané Allah kono.

9 1 Nalika Gusti Yésus tindak,
Panjenengané mirsa wong wuta lair
mula.
2 Para sekabaté padha nyuwun pirsa:
"Guru, menapa sebabipun tiyang menika
wuta? Menapa margi tiyang menika
damel dosa utawi tiyang sapuhipun
ingkang damel dosa?"
3 Gusti Yésus ngandika: "Wong kuwi
enggoné wuta ora merga dhèwèké gawé
dosa, lan uga ora merga wong tuwané
sing gawé dosa. Wong kuwi wuta, supaya
wong-wong padha weruh pangwasané
Allah makarya ana ing wong wuta mau.
4 Kita kudu nyambut-gawé nglakoni
ayahané Sang Rama sing ngutus Aku,
mumpung isih awan, sebab sedhéla

engkas banjur bengi. Ing wayah bengi
wong ora bisa nyambut-gawé.
5 Sasuwéné Aku ana ing donya, Aku
dadi Pepadhanging jagad."
6 Sawusé ngandika mengkono Gusti
Yésus nuli kecoh ing lemah. Kecohé nuli
diulet karo lemah, dilèlètaké ing mripaté
wong wuta mau.
7 Gusti Yésus ngandika marang wong
mau: "Lungaa lan raupa ing blumbang
Siloam." (Siloam tegesé ‘Diutus’.) Wong
mau nuli mangkat lan raup. Bareng bali
menèh mripaté wis bisa ndeleng.
8 Tangga teparoné lan wong-wong sing
mauné weruh wong wuta mau enggoné
ngemis, padha muni: "Apa iki dudu wong
sing adaté lungguh ngemis kaé?"
9 Ana wong sing muni: "Pancèn ya
wong kuwi," nanging ana uga sing muni:
"Dudu, mung rupané waé sing mèmper."
Nanging wong wuta mau kandha dhéwé:
"Inggih kula menika ingkang rumiyin
wuta."
10 Wong-wong padha takon: "Kepriyé
koksaiki bisa kokenggo ndeleng?"
11 Wangsulané: "Wonten tiyang
namanipun Yésus, damel luluhan siti
sekedhik, lajeng nglèlètaken luluhan

wau wonten ing mripat kula. Kula
lajeng dipun dhawuhi raup wonten ing
blumbang Siloam. Kula inggih lajeng
mrika. Sareng kula sampun raup, kula
lajeng saged ningali."
12 Wong-wong padha takon menèh:
"Saiki wongé ana ing ngendi?" Wong
sing mauné wuta mau mangsuli: "Kula
mboten ngertos."
13 Wong-wong nuli nggawa wong sing
mauné wuta mau marang para wong
Farisi.
14 Nalika Gusti Yésus ngulet lemah
nganggo kecohé lan marasaké mripaté
wong wuta mau, mbeneri dina Sabbat.
15 Wong Farisi nuli takon menèh marang
wong sing mauné wuta mau, kepriyé
patrapé nganti bisa ndeleng. Wong
mau nuli mangsuli: "Tiyang menika
nglèlètaken blethok wonten ing mripat
kula; kula lajeng raup, bibar menika kula
saged ningali."
16 Ana wong Farisi sawetara sing muni:
"Mokal yèn wong kuwi pinangkané saka
Allah, sebab dhèwèké nerak prenatan
dina Sabbat." Nanging wong liyané
menèh muni: "Mokal yèn wong dosa bisa

gawé kaélokan-kaélokan kaya wong iki!"
Panemuné wong-wong mau béda-béda.
17 Para wong Farisi nuli padha takon
menèh: "Manut kandhamu, Wong
kuwi sing marasaké mripatmu. Yèn
mengkono, kepriyé panemumu bab Wong
kuwi?" Wangsulané: "Panjenenganipun
menika Nabi."
18 Nanging para penggedhéné wong
Yahudi padha ora precaya yèn wong
kuwi mauné wuta wiwit lair mula, lan
saiki bisa ndeleng. Wong-wong Farisi
mau durung gelem precaya, yèn durung
takon dhisik marang wong tuwané wong
sing mauné wuta mau.
19 Para wong Farisi nuli takon marang
wong tuwané: "Apa bener anakmu
iki wuta lair mula? Kepriyé déné saiki
kokbisa ndeleng?"
20 Wong tuwané mangsuli: "Pancèn
menika anak kula; lan pancèn wiwit lair
mila piyambakipun wuta.
21 Nanging bab kadospundi enggènipun
samenika saged ningali, kula mboten
mangertos. Kula aturi ndangu piyambak,
sebab larénipun sampun diwasa, saged
mangsuli piyambak."

22 Aturé mengkono mau sebab padha wedi karo para penggedhéné wong Yahudi. Para penggedhé mau wis padha sarujuk, yèn saben wong sing ngakoni Gusti Yésus kuwi Sang Kristus, bakal disébrataké saka sinagogé (pasamuwané wong-wong sing nganut agama Yahudi).
23 Kuwi sebabé, wong tuwané wong sing mauné wuta mau muni: "Piyambakipun sampun diwasa, kula aturi ndangu piyambak."
24 Wong sing mauné wuta mau banjur diundang menèh, sarta ditakoni: "Kowé ngakua ana ing ngarsané Allah, yèn kowé kandha sabeneré, sebab aku padha weruh yèn Wong kuwi Wong dosa."
25 Wangsulané: "Bab piyambakipun menika tiyang dosa menapa mboten, kula mboten mangertos. Saprekawis ingkang kula mangertosi, inggih menika, kala rumiyin kula wuta, samenika kula saged sumerep."
26 Pitakoné wong-wong Farisi: "Kowé dikapakaké? Kepriyé carané Wong kuwi marasaké kowé?"
27 Wangsulané: "Kula sampun sanjang, nanging panjenengan mboten kersa mirengaken. Menapa ginanipun pitakèn

malih? Menapa panjenengan ugi
kepéngin dados muridipun?"
28 Wong-wong Farisi mau nuli padha
nepsu lan muni: "Kowé kuwi muridé;
aku dudu! Aku padha muridé Nabi Musa.
29 Bab Nabi Musa, kita wis padha
ngerti, yèn Gusti Allah pancèn wis
ngandika marang panjenengané.
Nanging mungguh Wong iki, aku padha
ora ngerti asal-usulé."
30 Wangsulané: "Kokanèh temen,
panjenengan mboten pirsa asal-usulipun
tiyang menika, mangka piyambakipun
sampun damel mujijat, nyarasaken
mripat kula.
31 Kita mangertos bilih Gusti
Allah mboten miyarsakaken atur
panyuwunipun tiyang dosa, nanging
miyarsakaken tiyang-tiyang ingkang
ngurmati Panjenenganipun, sarta
nglampahi kersanipun.
32 Wiwit dumadosipun jagad sepriki
dèrèng naté wonten tiyang wuta wiwit
lair mila kasarasaken ngantos saged
ningali.
33 Menawi tiyang menika mboten saking
Gusti Allah, mokal sagedipun nindakaken
kaélokan kados mekaten."

34 Para wong Farisi mau nuli mangsuli: "Kowé kuwi wong kebak dosa sabadan sekojur, wiwit saka pucuking rambut tekan tlapakané sikilmu, tur wiwit lair mula, lha kokarep mulang aku!" Wusanané wong mau banjur disébrataké saka sinagogé.
35 Gusti Yésus midhanget yèn wong sing mauné wuta kuwi disébrataké saka sinagogé. Bareng ketemu karo wong mau, Gusti Yésus nuli ngandika: "Apa kowé precaya marang Putraning Manungsa?"
36 Wong mau mangsuli: "Putraning Manungsa menika sinten, Guru? Kula aturi ngandikakaken, supados kula saged pitados dhateng Panjenenganipun."
37 Pangandikané Gusti Yésus: "Kowé wis ndeleng Panjenengané, yakuwi sing saiki lagi ngandikan karo kowé."
38 Aturé wong mau: "Kula pitados Gusti," banjur sujud ing ngarsané.
39 Gusti Yésus nuli ngandika: "Teka-Ku ing jagad iki supaya ngadili, supaya wong wuta bisa ndeleng, lan wong sing ndeleng dadi wuta."
40 Ing kono ana wong Farisi sawetara sing padha krungu pangandikané Gusti

Yésus mau. Wong-wong mau padha
muni: "Menapa Panjenengan nginten,
kula inggih sami wuta?"
41 Gusti Yésus ngandika: "Menawa kowé
wuta, kowé ora dosa. Nanging sarèhné
kowé kandha ‘Aku weruh’, mula kowé
tetep dosa."

10 1 "Kowé Dakkandhani sing
sanyatané: Wong sing mlebu ing
kandhang wedhus ora metu lawang,
nanging mlumpat pager, kuwi maling lan
rampog.
2 Nanging sing sapa mlebuné kandhang
metu lawang, wong kuwi pangoné.
3 Sing jaga kandhang bakal ngengakaké
lawangé. Wedhus-wedhus iya nitèni
swarané samangsa pangon mau
ngundangi wedhusé manut jenengé
dhéwé-dhéwé lan digiring metu.
4 Sawisé wedhus-wedhus mau metu,
pangon kuwi nuli mlaku ana ing ngarep,
lan wedhus-wedhusé ana ing mburiné,
sebab padha wanuh karo swarané
pangoné.
5 Wedhus-wedhus mau ora bakal
gelem mèlu wong liya, malah bakal
padha ngadoh saka wong mau, sebab

wedhus-wedhus kuwi ora wanuh marang
swarané."
6 Wong-wong sing padha ngrungokaké
piwulangé Gusti Yésus mau padha ora
ngerti apa sing dikersakaké.
7 Gusti Yésus nuli ngandika menèh:
"Ngertia, yèn Aku iki lawang dalané
wedhus-wedhus kuwi.
8 Sakèhing wong sing tekané sadurungé
Aku, kuwi maling lan rampog, mulané
wedhus-wedhus ora padha ngrungokaké
swarané wong mau.
9 Aku iki lawangé. Wong sing ngliwati
Aku, bakal slamet; wong kuwi mlebu
metu olèh pangan.
10 Yèn maling tekané mung arep
nyolong, arep matèni lan ngrusak.
Nanging teka-Ku iki supaya sepira sing
nilingaké swara-Ku padha urip sajroning
kalubèran.
11 Aku iki Pangon sing utama. Pangon
sing utama kuwi lila mati mbélani
wedhus-wedhusé.
12 Nanging buruh opahan kuwi dudu
pangon, lan dudu sing duwé wedhus-
wedhus mau. Yèn buruh sing mengkono
mau weruh asu ajag teka, nuli bakal
mlayu, wedhus-wedhusé ditinggal,

nganti wedhus-wedhus mau ditubruk
déning asu ajag mau lan dibuyaraké.
13 Buruh mau mlayu, sebab wong
kuwi enggoné nyambut-gawé mung
mburu opah lan ora mreduli karo
wedhus-wedhusé.
14 Aku iki Pangon sing utama. Kaya
déné Sang Rama wanuh karo Aku,
lan Aku wanuh karo Sang Rama, kaya
mengkono uga Aku wanuh karo wedhus-
wedhus-Ku, lan wedhus-wedhus-Ku
wanuh karo Aku. Aku lila mati nglabuhi
wedhus-Ku.
15 (10:14)
16 Aku uga duwé wedhus-wedhus liyané
menèh, sing ora ana ing kandhang
kéné. Wedhus-wedhus kuwi uga kudu
Dakengon lan bakal padha ngrungokaké
swara-Ku; kabèh bakal dadi sapantha
lan tunggal pangon.
17 Sang Rama ngasihi Aku, sebab Aku
lila ngurbanaké nyawa-Ku, supaya Aku
bisa nampa nyawa-Ku menèh.
18 Ora ana wong sing bisa ngrebut
nyawa-Ku. Aku rila ngurbanaké nyawa-
Ku. Aku wenang ngurbanaké nyawa-Ku,
lan uga wenang nampa nyawa-Ku

menèh. Lan ya kuwi sing dikersakaké
Sang Rama, supaya Daklakoni."
19 Merga pangandikané Gusti Yésus sing
mengkono mau, wong Yahudi nuli padha
padu dhéwé.
20 Akèh sing kandha: "Wong kuwi
kesurupan sétan! Wong kuwi édan! Apa
gunané ngrungokaké tembungé wong
kaya mengkono!"
21 Nanging iya ana wong sing muni:
"Mokal, yèn wong kesurupan sétan bisa
mulang kaya mengkono! Sétan rak ora
bisa marasaké wong wuta?"
22 Wong Yahudi padha ngriayakaké dina
adeging Pedalemané Allah, ing kutha
Yérusalèm. Nalika semana mbeneri
mangsa bedhidhing.
23 Gusti Yésus lagi tindak-tindak ana ing
Bangsal Suléman, ing Pedalemané Allah.
24 Para penggedhéné wong Yahudi nuli
padha marani Gusti Yésus lan ngrubung
Panjenengané. Nuli padha matur:
"Ngantos pinten laminipun enggèn
Panjenengan damel mangu-manguning
manah kula? Kula aturi ngandika kalayan
blaka, menapa Panjenengan menika
Sang Kristus?"

25 Pangandikané Gusti Yésus: "Kowé
wis padha Dakkandhani, nanging
kowé padha ora precaya. Sarupaning
penggawé sing Daklakoni atas Asmané
Sang Rama, kuwi kabèh neksèni
mungguh ing Aku.
26 Kowé padha ora precaya, jalaran
kowé dudu wedhus-Ku.
27 Wedhus-wedhus-Ku padha nitèni
swara-Ku. Aku wanuh karo wedhus-
wedhus-Ku lan wedhus-wedhus-Ku
padha ngetutaké Aku.
28 Wedhus-wedhus kuwi padha
Dakwènèhi urip sejati, temahan ora ana
sing bakal mati, lan ora ana wong sing
bisa ngrebut wedhus-wedhus mau saka
ing tangan-Ku.
29 Sang Rama sing maringaké
wedhus-wedhus kuwi marang Aku,
kuwi ngungkuli sekabèhé. Lan ora
ana wong siji waé sing bisa ngrebut
wedhus-wedhus mau saka astané
Rama-Ku.
30 Sang Rama lan Aku kuwi siji."
31 Para penggedhéné wong Yahudi mau
nuli padha njupuk watu, arep kanggo
mbenturi Gusti Yésus.

32 Nanging Panjenengané malah
ngandika marang wong-wong mau:
"Kowé wis padha ndeleng enggon-Ku
nindakaké penggawé becik, sing
didhawuhaké Sang Rama marang Aku,
supaya Daklakoni. Lah saiki, apa ana ing
antarané penggawé-Ku mau sing njalari
kowé arep mbenturi watu Aku?"
33 Para penggedhé mau nuli mangsuli:
"Kula sami badhé mbenturi Panjenengan
mboten margi pendamel-pendamel
saé Panjenengan, nanging margi
Panjenengan nyenyamah Gusti
Allah! Panjenengan menika rak
namung manungsa, kénging menapa
Panjenengan ngaken yèn Panjenengan
menika Allah?"
34 Gusti Yésus gentos ngandika:
"Apa ing Kitab Torèt ora ana tulisan
mengkéné: Allah ngandika: ‵Kowé kuwi
allah?′
35 Lan kita kabèh padha ngakoni
yèn apa sing katulis ana ing Kitab
Suci kuwi ora kena dibatalaké. Lah,
yèn wong-wong sing padha nampa
pangandika mau disebut déning Gusti
Allah piyambak ‵allah′,

36 apa sebabé kowé padha ngarani Aku
nyewiyah marang Allah, merga Aku muni
yèn Aku iki Putrané Allah? Mangka Aku
iki sing wis dipilih déning Sang Rama
piyambak, lan diutus menyang jagad.
37 Yèn Aku ora nindakaké kersané Sang
Rama, kowé kena ora precaya marang
Aku.
38 Nanging yèn Aku nindakaké kersané
Sang Rama, senajan ta kowé ora
precaya marang Aku, wis samesthiné
kowé saora-orané precaya marang apa
sing Daktindakaké, supaya kowé weruh
lan ngerti yèn Sang Rama lan Aku iki siji,
kaya déné Aku karo Sang Rama kuwi
siji."
39 Ing kono wong Yahudi mau padha
ngarah nyekel Gusti Yésus menèh,
nanging Panjenengané jengkar saka
tengahé wong-wong mau.
40 Gusti Yésus nuli kondur menèh
menyang sabrangé Kali Yardèn, ing
panggonané Yohanes Pembaptis biyèn
mbaptisi wong-wong. Gusti Yésus nuli
manggèn ana ing kono.
41 Akèh wong sing padha teka mrono.
Wong-wong mau padha kandha
mengkéné: "Nabi Yohanes Pembaptis ora

nindakaké kaélokan-kaélokan, nanging
apa sing dingandikakaké déning Nabi
Yohanes bab Wong iki, kabèh cocog."
42 Banjur akèh wong sing padha precaya
marang Gusti Yésus.
11 1 Ana wong lara, jenengé Lasarus.
Omahé ana ing désa Bètani.
Yakuwi désa Bètani panggonané Maryam
lan Marta.
2 (Maryam kuwi wong wadon sing
ngesokaké lenga wangi ing sampéyané
Gusti Yésus lan ngusapi nganggo
rambuté. Déné Lasarus sing lara mau
seduluré.)
3 Maryam lan Marta padha ngaturi pirsa
marang Gusti Yésus: "Guru, Lasarus,
mitra Panjenengan ingkang Panjenengan
tresnani samenika sakit."
4 Nalika Gusti Yésus mireng pawarta
mau, Panjenenganė ngandika: "Larané
Lasarus ora bakal njalari patiné, nanging
supaya dadi lantaramé Asmané Allah
kaluhuraké, lan srana mengkono Putrané
Allah uga kaluhuraké."
5 Gusti Yésus pancèn tresna marang
Marta lan mbakyuné, tuwin Lasarus,
seduluré.

6 Éwasemono nalika Gusti Yésus mireng
bab laranÉ Lasarus mau, Panjenenganè
malah nginep rong dina menèh ana ing
panggonan kono.
7 Lagi sawisé kuwi Gusti Yésus ngandika
marang para sekabaté: "Ayo, kita padha
bali menyang tanah Yudéa."
8 Para sekabat nuli padha matur: "Guru,
nembé kémawon tiyang-tiyang Yahudi
badhé mbenturi séla Panjenengan, lha
koksamenika Panjenengan sampun
ngajak tindak mrika malih?"
9 Pangandikané Gusti Yésus: "Sedina
kuwi apa ora rolas jam? Yèn mlaku ing
wayah awan, wong ora kesandhung,
merga padhang.
10 Nanging yèn wong mau mlaku ing
wayah bengi, bakal kesandhung, merga
peteng."
11 Sawisé kuwi Gusti Yésus nyambeti,
pangandikané: "Mitra kita Lasarus lagi
turu, mulané arep Dakgugah."
12 Aturé para sekabaté: "Guru, menawi
Lasarus namung tilem, temtunipun
mangké badhé saras."
13 Mangka sing dikersakaké Gusti Yésus
kuwi satemené Lasarus wis mati. Saka

pengirané para sekabat, Gusti ngandika
yèn Lasarus turu temenan.
14 Mulané Gusti Yésus nuli mblakakaké
yèn satemené, "Lasarus wis mati.
15 Aku bungah déné Aku ora mbeneri
ana ing kana. Kuwi ana beciké tumrap
kowé kabèh, supaya kowé padha
precaya. Ayo kita padha mangkat
menyang omahé Lasarus."
16 Tomas, sing diparabi "Didimus"
(tegesé wong kembar), kandha marang
kanca-kancané para sekabat: "Ayo kita
padha ndhèrèk Guru, karebèn kita mati
bareng karo Panjenengané."
17 Nalika tindaké Gusti Yésus tekan
désa Bètani, Lasarus wis dikubur patang
dina kepungkur.
18 Bètani kuwi saka kutha Yérusalèm
adoh-adohé mung telung kilomèter.
19 Wong Yahudi wis akèh sing padha
layat mrono, prelu nglipur Maryam lan
Marta, sing kepatèn Lasarus, seduluré.
20 Bareng Marta krungu yèn Gusti
Yésus rawuh, banjur metu mbagèkaké,
nanging Maryam kèri ana njero omah.
21 Marta banjur matur marang Gusti
Yésus: "Guru, saupami Panjenengan

wonten ing ngriki, temtu Lasarus
sedhèrèk kula, mboten badhé pejah.
22 Éwasemanten kula pitados, bilih
samenika ugi Gusti Allah badhé njurungi
menapa ingkang Panjenengan suwun."
23 Pangandikané Gusti Yésus marang
Marta: "Sedulurmu bakal urip menèh."
24 Wangsulané Marta: "Kula pitados,
bilih Lasarus badhé gesang malih ing
Dinten Kiamat, samangsa tiyang-tiyang
pejah katangèkaken."
25 Pangandikané Gusti Yésus marang
Marta: "Sing nangèkaké wong mati
kuwi Aku, lan sing mènèhi urip marang
manungsa kuwi Aku. Wong sing precaya
marang Aku, senajan wong mau wis
mati, bakal urip menèh.
26 Lan wong sing isih urip, sing
precaya marang Aku, ora bakal mati ing
selawasé. Apa kowé precaya bab kuwi?"
27 Wangsulané Marta: "Guru, kula
pitados bilih Panjenengan menika
Putraning Allah, Sang Kristus, ingkang
kautus rawuh ing donya."
28 Sawisé matur mengkono, Marta nuli
ngundang Maryam, mbakyuné, sarta
dibisiki: "Guru wis rawuh lan nakokaké
kowé."

29 Bareng krungu mengkono, Maryam
nuli énggal-énggal ngadeg lan
methukaké Gusti Yésus.
30 (Nalika semana Gusti Yésus durung
mlebet ing désa Bètani, nanging isih
ana ing panggonan nalika ketemu karo
Marta.)
31 Bareng wong-wong Yahudi sing lagi
padha linggih ana ing omah nglipur
Maryam, weruh Maryam ngadeg lan
metu rerikatan, nuli padha ngetutaké,
sebab dikira arep lunga menyang kubur
lan nangis ana ing kono.
32 Bareng Maryam tekan panggonané
Gusti Yésus lan weruh Panjenenganė,
banjur jèngkèng ana ngarsané sarta
matur: "Guru, saupami Panjenengan
wonten ing ngriki, sedhèrèk kula mesthi
mboten pejah!"
33 Bareng pirsa Maryam nangis, lan
wong-wong Yahudi sing padha ngetutaké
iya padha nangis, Gusti Yésus penggalihé
trenyuh banget.
34 Panjenenganė nuli ndangu: "Dikubur
ana ing endi?" Wangsulané sing padha
didangu: "Mangga Gusti, menawi badhé
pirsa."
35 Gusti Yésus nuli muwun.

36 Temah wong-wong Yahudi padha
muni: "Semono tresnané marang
Lasarus."
37 Nanging ana uga sing muni:
"Panjenengané wis ngelèkaké mripaté
wong wuta, yagéné ora bisa nyegah
patiné Lasarus?"
38 Gusti Yésus tindak menyang kuburan
karo trenyuh penggalihé. Kubur mau
wujudé kaya guwa, sing ditutupi watu
gedhé.
39 Gusti Yésus dhawuh: "Watuné
singkirna." Marta, seduluré sing mati
mau, nuli matur: "Guru, piyambakipun
sampun dipun kubur kawan dinten
kepengker. Temtu sampun mambet."
40 Pangandikané Gusti Yésus: "Aku rak
wis kandha: ‘Yèn kowé precaya, kowé
bakal weruh gedhéning pangwasané
Allah!’"
41 Watu sing nutupi kubur mau nuli
padha disingkiraké. Gusti Yésus banjur
tumenga ing langit lan ndedonga:
"Kawula ngaturaken panuwun dhateng
Paduka, dhuh Rama, margi Paduka
sampun miyarsakaken panyuwun
Kawula.

42 Kawula sumerep, bilih Paduka
tansah miyarsakaken panyuwun Kawula.
Éwadéné enggèn Kawula matur menika,
karana tiyang-tiyang ingkang sami
wonten ing ngriki, supados sami pitados,
bilih Kawula menika utusan Paduka!"
43 Sawisé matur mengkono, Gusti Yésus
nuli ngandika klawan sora: "Lasarus,
metua!"
44 Lasarus sing wis mati kuwi banjur
metu. Tangan lan sikilé isih pocongan
mori putih, semono uga rainé isih
ketutupan kain kringet (kacu). Dhawuhé
Gusti Yésus marang wong-wong sing ana
ing kono: "Moriné uculana, karebèn bisa
uwal!"
45 Bareng ndeleng lelakon mau, wong-
wong Yahudi sing padha layat, banjur
padha precaya marang Gusti Yésus.
46 Nanging ing antarané wong-wong
mau uga ana sing banjur marani wong-
wong Farisi lan nglapuraké tumindaké
Gusti Yésus.
47 Mulané wong-wong Farisi lan
para pengareping imam nuli padha
nganakaké parepatan karo Mahkamah
Agama. Wong-wong mau padha muni
mengkéné: "Saiki apa sing kudu kita

tindakaké? Wong kuwi wis gawé mujijat
semono kèhé!
48 Yèn dijaraké mengkono terus, wong
kabèh bakal padha precaya marang
dhèwèké kuwi. Pungkasané Pemeréntah
Rum bakal nggempur Pedalemané Allah
lan bangsa Yahudi kabèh."
49 Ing antarané wong-wong mau, sing
jenengé Kayafas, ing taun kuwi dadi
Imam Agung. Kayafas mau muni: "Kowé
padha ora ngerti.
50 Apa kowé iya padha ora sumurup yèn
kanggo keslametané rakyat kabèh, luwih
becik yèn wong siji sing mati, ketimbang
wong sabangsa mati kabèh?"
51 Satemené Kayafas enggoné muni
mengkono mau ora saka karepé dhéwé;
nanging sarèhné jumeneng Imam Agung
ing taun kuwi, meca enggoné Gusti
Yésus bakal séda kanggo bangsa Yahudi
kabèh.
52 Malah ora mung kanggo bangsa
Yahudi waé, nanging kanggo para
putrané Allah kabèh, sing sumebar ing
ngendi-endi, supaya kakumpulaké dadi
siji.

53 Wiwit ing dina kuwi para
penggedhéné bangsa Yahudi padha
sekongkelan arep nyédani Gusti Yésus.
54 Mulané Gusti Yésus ana ing tanah
Yudéa kono ora ngétok ing ngarepé
wong akèh. Panjenenganè nuli tindak
saka tanah Yudéa menyang kutha, sing
aran Éfraim, cedhak karo ara-ara samun.
Panjenenganè manggèn ana ing kono
karo para sekabaté.
55 Nalika semana wis mèh Riaya
Paskahé wong Yahudi. Akèh wong
saka désa-désa padha menyang kutha
Yérusalèm, arep nindakaké prenatan
sesuci.
56 Nalika wong-wong kabèh mau ana ing
Pedalemané Allah, nuli padha nggolèki
Gusti Yésus, lan padha takon-tinakon:
"Saka pengiramu kepriyé? Wong kuwi
mesthi ora bakal nekani riaya iki!"
57 Para pengareping imam lan para
wong Farisi wis padha andum préntah,
yèn sapa waé sing weruh panggonané
Gusti Yésus, kudu lapur, supaya kena
dicekel.

12 1 Nem dina sadurungé Riaya
Paskah, Gusti Yésus tindak
menyang désa Bètani; ana ing omahé

Lasarus, sing wis tau mati, ditangèkaké
menèh.
2 Ana ing kono Gusti Yésus dicaosi
dhahar; sing ngladèni Marta. Déné
Lasarus lungguh kembul karo
Panjenengané.
3 Maryam nuli njupuk lenga wangi nared
tulèn, sing ajiné akèh banget, boboté
setengah liter, banjur dienggo njebadi
sampéyané Gusti Yésus. Lenga mau
nuli diusapi nganggo rambuté. Ambuné
ngebeki saomah kabèh.
4 Yudas Iskariot, panunggalané
sekabaté Gusti Yésus, muni mengkéné:
5 "Généa lenga wangi kuwi ora diedol
waé, rak bisa payu akèh, nuli dhuwité
didanakaké marang wong miskin?"
6 (Enggoné Yudas muni mengkono mau
ora kokmerga mikiraké nasibé wong
miskin, nanging merga saka culikané.
Yudas kerep nganggo dhuwit sing dadi
rereksané.)
7 Nanging Gusti Yésus ngandika: "Wis
ta, wong wadon kuwi nengna waé, aja
kokganggu! Penggawéné mengkono
kuwi minangka pacawisan enggon-Ku
mbésuk bakal dikubur!

8 Awit wong miskin kuwi selawasé ana
ing antaramu, nanging Aku ora selawasé
ana ing antaramu."
9 Akèh wong Yahudi sing padha krungu,
yèn Gusti Yésus ana ing désa Bètani.
Mulané wong-wong mau nuli padha
nusul Panjenengané mrana. Enggoné
marani Gusti Yésus kuwi ora mung
merga kaélokan sing wis katindakaké,
nanging uga padha kepéngin weruh
Lasarus, sing wis urip menèh.
10 Kuwi sebabé para pengareping imam
uga kepéngin matèni Lasarus,
11 jalaran akèh wong Yahudi sing padha
ninggal para pemimpiné lan precaya
marang Gusti Yésus, merga lelakoné
Lasarus mau.
12 Ésuké akèh wong sing wis padha teka
ing kutha Yérusalèm, arep ngriayakaké
Paskah. Wong-wong mau padha krungu,
yèn Gusti Yésus isih ana ing dalan arep
tindak mrono.
13 Wong-wong mau nuli padha
njupuk pang-pangé wit palem, banjur
methukaké klawan surak-surak: "Pinujia
Asmané Allah! Sugenga sing rawuh
ing Asmané Pangéran! Sugenga ratuné
wong Israèl!"

14 Dhèk semana Gusti Yésus nitih kuldi,
isih belo, cocog karo sing katulisan
mengkéné:
15 "Aja wedi, hé putri Sion! Delengen
ratumu rawuh, nitih beloning kuldi."
16 Nalika semana para sekabat durung
padha ngerti apa tegesé kuwi mau
kabèh. Nanging sawisé Gusti Yésus
kaluhuraké, yakuwi sawisé sinalib lan
wungu menèh, lagi padha kèlingan yèn
lelakoné Gusti Yésus mau wis katulis
ana ing Kitab Suci, lan saiki kelakon
temenan.
17 Wong-wong sing padha ndhèrèkaké
Gusti Yésus nalika Panjenengané nimbali
Lasarus metu saka ing kubur lan
nangèkaké saka ing pati, ora uwis-uwis
enggoné nyritakaké lelakon mau marang
wong-wong liyané.
18 Kuwi sebabé wong akèh padha
methukaké Gusti Yésus, jalaran padha
krungu bab lelakon sing wis ditindakaké.
19 Wong Farisi padha rerasanan: "Kita
padha ora olèh gawé! Delengen, wong
sajagad wis padha kèlu karo Wong
kuwi!"
20 Ing antarané wong akèh sing padha
teka ing kutha Yérusalèm arep nindakaké

ibadah sajroné dina riaya mau, ana
wongé Yunani sawetara.
21 Wong-wong mau padha nemoni
Filipus lan kandha: "Sedhèrèk, kula
kepéngin kepanggih kaliyan Guru
Yésus!" (Filipus kuwi wong saka kutha
Bètsaida ing tanah Galiléa.)
22 Filipus nuli kandha karo Andréas,
wong loro mau banjur padha matur
marang Gusti Yésus.
23 Panjenenganè nuli ngandika marang
para sekabat mau: "Saiki wis tekan
wektuné Putraning Manungsa diluhuraké.
24 Padha élinga, yèn wiji gandum sing
ditandur ing lemah lan mati, wiji mau ora
bakal tetep mung seglintir waé. Nanging
sawisé wiji mau mati, bakal ngetokaké
woh akèh.
25 Wong sing nengenaké uripé ing
donya kéné, bakal kélangan urip sing
sejati. Nanging wong sing nyingkur uripé
dhéwé ing donya kéné, bakal ngalami
urip sejati, sing langgeng.
26 Wong sing ngawula marang Aku,
kuwi kudu ngetut buri Aku, supaya bisa
mèlu Aku menyang endi waé paran-Ku.
Wong sing ngawula marang Aku, kuwi
bakal dimulyakaké déning Rama-Ku."

27 "Saiki ati-Ku was-was. Banjur arep matur apa? Apa Aku kudu matur: ‘Rama, mugi sampun négakaken Kawula ngalami kasangsaran menika?’ Ora, sebab enggon-Ku urip tekan sepréné iki preluné supaya ngalami kasangsaran mau.
28 ‘Dhuh Rama, Asma Paduka mugi kaluhuraken.’" Nuli ana swara saka ing langit: "Wis Dakluhuraké, lan isih bakal Dakluhuraké menèh."
29 Wong akèh sing ana ing kono padha krungu swara mau. Wong-wong nuli padha rerasanan: "Kuwi swarané gludhug!," nanging ana uga sing kandha: "Dudu! Ana malaékat sing lagi ngandikan karo Panjenengané."
30 Gusti Yésus nuli ngandika marang wong akèh mau: "Anané swara kuwi ora kanggo Aku, nanging kanggo kowé.
31 Saiki wis tekan wektuné jagad iki diadili. Saiki penggedhéné jagad iki bakal ditelukaké.
32 Mengko samangsa Aku wis dipanjer, Aku bakal nggèndèng wong kabèh mèlu Aku."

33 Enggoné ngandika mengkono kuwi
kanggo nuduhaké patrapé Gusti Yésus
enggoné bakal disalib.
34 Wong akèh mau nuli matur
marang Panjenengané: "Manut suraosé
Kitab-kitab, Sang Kristus ingkang
badhé rawuh menika badhé gesang
ing selami-laminipun; kadospundi
déné Panjenengan kokngandika, bilih
Putraning Manungsa menika kedah
nglampahi sinalib? Lajeng Putranipun
Manungsa menika sinten?"
35 Pangandikané Gusti Yésus: "Mung
kari sawetara mangsa Pepadhang ana
ing tengahmu. Mulané terusna lakumu,
mumpung Sang Pepadhang isih ana ing
tengahmu, supaya kowé aja kesaput
ing pepeteng. Wong sing mlaku ing
pepeteng ora ngerti bakal tekan endi.
36 (12-36a) Precayaa marang
Pepadhang kang ana ing tengahmu,
supaya kowé padha dadi Putraning
Pepadhang." (12-36b) Sawisé ngandika
mengkono, Gusti Yésus nuli tindak saka
kono lan ora kersa ngetingal menèh ing
ngarepé wong akèh.
37 Akèh banget mujijat lan kaélokan
sing ditindakaké ana ing ngarepé wong

akèh mau. Éwasemono wong-wong
mau meksa ora precaya marang
Panjenenganė.
38 Srana mengkono kelakon temenan,
apa sing wis kaweca déning Nabi Yésaya,
sing uniné mengkéné: "Dhuh Pangéran,
sinten ingkang pitados dhateng pawartos
kawula? Sinten ingkang kepareng ningali
kwaosipun Allah?"
39 Wong-wong mau padha ora bisa
precaya, merga Nabi Yésaya wis
ngandika mengkéné:
40 Gusti Allah ngandika, "Mripaté
wis Dakgawé wuta, atiné dadi kaku,
lan nalaré banjur peteng; supaya
wong-wong mau aja padha mratobat,
temahan Dakwarasaké."
41 Enggoné Nabi Yésaya ngandika
mengkono mau merga wis pirsa marang
kamulyané Gusti Yésus.
42 Éwasemono akèh uga para
penggedhéné wong Yahudi sing padha
precaya marang Gusti Yésus. Nanging
wong-wong kuwi ora wani ngakoni
precayané terang-terangan, merga
padha wedi, aja-aja disébrataké saka
sinagogé déning para wong Farisi.

43 Wong-wong kuwi padha luwih seneng
diurmati déning manungsa ketimbang
nampa pakurmatan sing saka Gusti
Allah.
44 Gusti Yésus nuli ngandika: "Wong
sing precaya marang Aku, kuwi ora
mung Aku sing diprecaya, nanging uga
Panjenenganè sing ngutus Aku.
45 Sing sapa ndeleng Aku, kuwi uga
ndeleng Panjenenganè sing ngutus Aku.
46 Teka-Ku ing jagad iki dadi Pepadhang,
supaya wong sing precaya marang Aku,
ora tetep ana ing pepeteng.
47 Dudu Aku sing bakal ngadili wong
sing padha krungu, nanging ora nglakoni
piwulang-Ku. Merga teka-Ku ora arep
ngadili jagad, nanging arep nylametaké.
48 Wong sing ora precaya lan ora
gelem manut marang pitutur-Ku, kuwi
ana sing ngadili dhéwé. Iya Injil sing
Dakwartakaké, kuwi sing bakal dadi
hakim, sing ngadili wong-wong mau ing
Dina Kiamat!
49 Lan pancèn mengkono! Merga
Aku ora tau memulang metu saka
karep-Ku dhéwé. Sang Rama sing ngutus
Aku, Panjenenganè kuwi sing dhawuh

marang Aku samubarang sing kudu
Dakkandhakaké utawa Dakwulangaké.
50 Lan Aku ngerti yèn dhawuhé Sang
Rama kuwi dalaning urip sing sejati.
Mulané apa sing Dakkandhakaké iki,
kabèh merga saka dhawuhé Sang
Rama."
13 1 Bareng dina Riaya Paskah
kurang sedina, Gusti Yésus pirsa
yèn wis tekan wektuné Panjenengané
nilar jagad iki lan kondur menyang
ngarsané Sang Rama. Panjenengané
tresna marang para kagungané kang ana
ing jagad, lan enggoné nresnani nganti
tekan ing wekasan.
2 Nalika semana ing wayah bengi Gusti
Yésus lan para sekabat lagi padha
dhahar. Ing kono Iblis ngosikaké atiné
Yudas Iskariot, supaya ngulungaké Gusti
Yésus.
3 Gusti Yésus pirsa, yèn Sang Rama wis
masrahaké sakèhing pangwasa marang
Panjenengané. Panjenengané uga pirsa,
yèn asalé saka Allah, lan bakal kondur
menyang ngarsané Allah.
4 Mulané Panjenengané nuli jumeneng,
ngrucat jubahé, sarta ngubetaké kain
mau ana ing lambungé.

5 Panjenenganė banjur ngesok banyu
ana ing pengaron, sarta wiwit misuhi
sikilé para sekabat; sawisé kuwi banjur
dilapi nganggo kain sing diubetaké ana
ing lambungé mau.
6 Bareng tekan gilirané Simon Pétrus,
Simon matur: "Gusti, prelunipun menapa
Panjenengan misuhi suku kawula?"
7 Pangandikané Gusti Yésus: "Saiki
kowé durung ngerti apa maknané sing
Daktindakaké iki, nanging mengko kowé
bakal ngerti."
8 "Sampun ngantos, Gusti," aturé
Pétrus, "Panjenengan sampun ngantos
misuhi suku kawula!" Nanging Gusti
Yésus nuli ngandika: "Yèn kowé ora
gelem Dakwisuhi, kowé ora kena dadi
murid-Ku."
9 Wangsulané Simon Pétrus: "Menawi
mekaten Gusti, sampun ngemungaken
suku ingkang dipun wisuhi, nanging ugi
tangan lan sirah kawula!"
10 Pangandikané Gusti Yésus: "Wong
sing wis adus, badané sakojur wis resik,
wong kuwi ora prelu didusi menèh.
Mung sikilé waé sing prelu diresiki. Kowé
pancèn wis padha resik, nanging ora
kabèh."

11 (Gusti Yésus wis pirsa, sapa sing
bakal ngulungaké Panjenenganè. Mulané
Panjenenganè ngandika: "Kowé wis
padha resik, nanging ora kabèh.")
12 Sawisé Gusti Yésus rampung
enggoné misuhi sikilé para sekabat,
Panjenenganè nuli ngagem jubahé
menèh, sarta wangsul lenggah.
Panjenenganè nuli ngandika marang
para sekabaté mengkéné: "Apa
kowé ngerti tegesé apa sing mentas
Daktindakaké marang kowé mau?
13 Kowé padha nyebut Aku Guru lan
Gusti. Lan panyebutmu kuwi bener, awit
Aku iki pancèn Guru lan Gusti.
14 Lah saiki yèn Aku sing dadi Gusti lan
Gurumu wis misuhi sikilmu, dadi kowé
iya kuwajiban wisuh-winisuhan sikil.
15 Enggon-Ku mènèhi tuladha marang
kowé kabèh kuwi supaya kowé padha
nglakonana kaya sing wis Daktindakaké
marang kowé.
16 Padha éling-élingen; batur kuwi ora
ngungkuli bendarané, lan utusan ora
ngluwihi sing ngutus.
17 Saiki kowé wis padha ngerti prekara
kuwi. Begja kowé menawa kuwi
koklakoni.

18 Kandha-Ku iki ora kanggo kowé
kabèh, lan Aku ngerti sapa waé sing wis
Dakpilih. Nanging apa sing katulisan ana
ing Kitab Suci kudu kelakon. Tulisan mau
surasané mengkéné: ‘Tiyang ingkang
sesarengan nedha roti kaliyan Kawula,
menika badhé nglawan Kawula!’
19 Kowé saiki padha Dakwènèhi weruh
sadurungé prekara kuwi kelakon, supaya
yèn mengko kelakon, kowé padha
precaya yèn Aku iki Panjenengané kang
disebut ‘Aku iki Panjenengané Kang Ana.’
20 Padha titènana: Sapa sing nampa
wong sing Dakutus, kuwi ateges nampani
Aku dhéwé. Lan sapa sing nampa Aku,
kuwi ateges nampani Gusti Allah, sing
ngutus Aku."
21 Sawisé ngandika mengkono, Gusti
Yésus penggalihé trenyuh banget.
Nuli Panjenengané ngandika blak-
blakan: "Kowé padha Dakkandhani sing
satemené: Panunggalanmu salah siji
bakal ngulungaké Aku."
22 Para sekabat padha bingung, sarta
padha pandeng-pandengan, merga
padha ora ngerti sapa sing dikersakaké.
23 Sekabat sing dikasihi déning Gusti
Yésus, linggih ana ing sisihé,

24 disasmitani déning Simon Pétrus,
supaya nyuwun pirsa, sapa sing
dikersakaké mau.
25 Sekabat mau nuli nyedhaki Gusti
Yésus lan nyuwun pirsa: "Sinten
tiyangipun menika, Gusti?"
26 Pangandikané Gusti Yésus: "Aku arep
nyelupaké roti ana ing mangkok; wong
sing nuli Dakulungi roti mau, yakuwi
wongé." Gusti Yésus nuli mundhut
roti secuwil, banjur dicelupaké ana ing
mangkok; sawisé kuwi roti mau banjur
diulungaké marang Yudas anaké Simon
Iskariot.
27 Bareng Yudas nampani roti mau,
sanalika iku uga Iblis ngangslupi.
Gusti Yésus nuli ngandika marang
Yudas: "Énggal lakonana apa sing dadi
sedyamu!"
28 Ora ana wong siji-sijia ing antarané
sing padha linggih ana ing kono ngerti,
apa sebabé Gusti Yésus ngandika
mengkono marang Yudas.
29 Ana sing ngira, yèn Gusti Yésus
ngutus Yudas tuku apa-apa sing
dibutuhaké kanggo riaya, utawa bisa
uga Gusti Yésus ndhawuhi Yudas mènèhi
dhuwit marang wong-wong miskin,

sebab Yudas kuwi sing tukang nyekel dhuwit.
30 Sawisé nampa roti mau, sanalika Yudas banjur metu. Nalika semana wayahé wis bengi.
31 Sawisé Yudas lunga, Gusti Yésus nuli ngandika: "Saiki Putrané Manungsa bakal kamulyakaké.
32 Lan lantaran Putraning Manungsa mau kamulyané Gusti Allah iya bakal kebabar. Yèn kamulyané Gusti Allah kebabar lantaran Putraning Manungsa, nuli kamulyaning Putrané Manungsa iya bakal diketingalaké déning Gusti Allah piyambak. Lan kuwi kabèh bakal tumuli kelakon.
33 Anak-anak-Ku, enggon-Ku kumpul karo kowé kari sedhéla. Kowé bakal nggolèki Aku, nanging kaya sing wis Dakkandhakaké marang wong Yahudi, mengkono uga saiki Dakkandhakaké marang kowé: Kowé ora bisa mara ing panggonan sing arep Dakparani.
34 Kowé padha Dakwènèhi pepakon anyar, yakuwi supaya padha tresna-tinresnan. Dikaya enggon-Ku nresnani kowé, mengkono uga kowé padha tresna-tinresnana.

35 Titikané enggonmu padha dadi
murid-Ku, yakuwi menawa wong
kabèh padha neksèni enggonmu
tresna-tinresnan."
36 Simon Pétrus matur marang Gusti
Yésus: "Gusti badhé tindak dhateng
pundi?" Pangandikané Gusti Yésus: "Aku
lunga menyang panggonan sing kowé
ora bisa marani mrana, nanging mbésuk
kowé bakal mèlu Aku."
37 Pitakoné Pétrus: "Guru, kénging
menapa kula mboten saged ndhèrèk
Panjenengan? Kula wantun pejah kagem
Panjenengan."
38 Pangandikané Gusti Yésus:
"Temenan? Kowé wani mati temenan
kanggo Aku? Rungokna sing becik:
Mengko sadurungé jago kluruk, kowé
bakal ngaku, yèn kowé ora wanuh karo
Aku, nganti ambal ping telu!"
14 1 Pangandikané Gusti Yésus
marang para sekabat: "Atimu aja
was-was. Padha ngandela marang Gusti
Allah, lan iya ngandela marang Aku.
2 Ing dalemé Rama-Ku akèh panggonan;
mulané Aku mrana supaya nyawisaké
panggonan kanggo kowé. Saupama

ora mengkono, mesthi kowé ora padha
Dakkandhani.
3 Sawisé Aku nyawisaké panggonan
kanggo kowé, nuli Aku bakal bali mréné
methuk kowé, supaya kowé uga anaa
ing papan sing Dakenggoni mau.
4 Panggonan sing Dakparani, kowé wis
padha weruh dalané."
5 Tomas nuli nyuwun pirsa: "Guru, kula
sami mboten ngertos papan ingkang
Panjenengan tuju, kadospundi enggèn
kula sumerep merginipun?"
6 Gusti Yésus ngandika: "Aku iki
dalané marang Gusti Allah lan Aku sing
nuduhaké, Gusti Allah kuwi sapa lan
kepriyé kaananané; Aku uga sing mènèhi
urip marang manungsa. Ora ana wong
siji waé sing bisa sowan marang Sang
Rama, yèn ora lantaran Aku.
7 Yèn kowé wanuh marang Aku, kowé
iya mesthi wanuh karo Rama-Ku. Wiwit
saiki kowé wanuh karo Sang Rama, lan
wis ndeleng Panjenenganè."
8 Filipus nuli matur: "Gusti, kawula
mugi Panjenengan tedahi Sang Rama
menika, supados kawula sami marem."
9 Pangandikané Gusti Yésus: "Wis
semono lawasé enggon-Ku urip

bebarengan karo kowé kabèh;
éwasemono kowé kokrumangsa durung
wanuh karo Aku, Filipus! Sing sapa wis
ndeleng Aku, kuwi uga wis ndeleng Sang
Rama; kepriyé déné kowé muni: ‘Kawula
mugi Panjenengan tedahi Sang Rama?’
10 Apa kowé ora ngandel yèn Aku
lan Sang Rama kuwi siji? Sarta Sang
Rama lan Aku kuwi siji? Kabèh sing
Dakkandhakaké marang kowé kuwi ora
metu saka karep-Ku dhéwé. Nanging
Sang Rama sing ana ing Aku, sing
nindakaké kuwi mau kabèh.
11 Ngandela, yèn Aku lan Sang Rama
kuwi siji, sarta Sang Rama lan Aku kuwi
siji. Utawa apa kowé ora ngandel karo
apa sing wis Daklakoni mau?
12 Aku kandha satemené marang kowé:
Wong sing precaya temenan marang
Aku, bakal bisa nglakoni prekara-prekara
sing wis Daktindakaké, malah wong kuwi
bisa nindakaké prekara-prekara sing
luwih gedhé ketimbang karo kuwi. Sebab
Aku bakal sowan menyang ngarsané
Rama-Ku.
13 Apa waé sing koksuwun atas jeneng-
Ku, bakal Daksembadani, supaya Sang
Rama kaluhuraké lantaran Sang Putra.

14 Nyuwuna apa waé atas jeneng-Ku,
Aku bakal nyembadani."
15 "Menawa kowé padha tresna marang
Aku, padha nglakonana pepakon-Ku.
16 Aku bakal nyuwun marang Sang
Rama, nuli kowé bakal padha diparingi
Juru Panglipur liyané, yakuwi Rohé
Allah, sing nuduhaké bab kersané Gusti
Allah. Roh mau bakal nunggal karo kowé
selawasé.
17 Jagad ora bisa nampani Rohé Allah,
sebab ora bisa ndeleng Rohé Allah mau,
lan ora wanuh marang Panjenengané.
Nanging kowé wanuh marang
Panjenengané, merga Panjenengané
tansah nunggal karo kowé lan dedalem
ana ing njeromu.
18 Aku ora bakal négakaké kowé; kowé
ora bakal padha kapiran. Aku bakal bali
menèh.
19 Sedhéla engkas, jagad bakal ora
ndeleng Aku, nanging kowé bakal padha
ndeleng Aku; lan merga Aku urip, kowé
iya bakal padha urip.
20 Ing wektu kuwi kowé bakal ngerti
yèn Aku ana ing Sang Rama, mengkono
uga kowé padha ana ing Aku, lan Aku
ana ing kowé.

21 Sing sapa nampani lan nglakoni
pepakon-pepakon-Ku, kuwi ateges
tresna marang Aku. Rama-Ku bakal
nresnani wong sing tresna marang Aku.
Aku uga bakal nresnani wong mau, lan
Aku bakal blaka marang wong mau, sapa
Aku iki sejatiné."
22 Yudas, dudu Yudas Iskariot,
nyuwun pirsa marang Gusti Yésus:
"Gusti, kénging menapa Panjenengan
kersa mblakakaken bab Panjenengan
piyambak dhateng kula sedaya, nanging
mboten kersa blaka dhateng jagad?"
23 Pangandikané Gusti Yésus: "Wong
sing tresna marang Aku kuwi wong
sing nglakoni piwulang-Ku. Sang Rama
bakal nresnani wong mau. Rama-Ku
lan Aku dhéwé bakal nekani wong kuwi
lan manggon bebarengan ana ing wong
kuwi.
24 Wong sing ora tresna marang Aku,
kuwi ora nglakoni piwulang-Ku. Piwulang
sing kokrungu, kuwi dudu piwulang-Ku,
nanging piwulang saka Sang Rama, sing
ngutus Aku.
25 Kabèh kuwi Dakkandhakaké marang
kowé, mumpung Aku isih awor karo
kowé.

26 Déné sing arep mulangaké sakèhing prekara mau marang kowé kuwi Sang Roh Suci. Panjenengané kuwi Sang Juru Tetulung, sing bakal diutus déning Sang Rama atas saka jeneng-Ku. Sang Juru Tetulung kuwi sing bakal ngélingaké kowé prekara-prekara sing wis Dakwulangaké marang kowé.
27 Kowé padha Daktinggali katentreman. Yakuwi katentreman-Ku dhéwé sing Dakwènèhaké marang kowé. Cara-Ku mènèhi katentreman mau ora kaya patrapé jagad; atimu aja was-was. Kowé aja padha wedi.
28 Kowé wis krungu: ‘Aku bakal lunga, nanging Aku bakal bali menèh.’ Yèn kowé tresna marang Aku, kowé bakal bungah, samangsa Aku lunga menyang ngarsané Rama-Ku, merga Sang Rama kuwi ngluwihi Aku.
29 Kowé padha Dakwènèhi weruh saiki, sadurungé kabèh mau kelakon, supaya kowé padha precaya.
30 Aku ora arep rembugan akèh-akèh menèh karo kowé, awit penggedhéné jagad (yakuwi Iblis) iki wis teka. Nanging Iblis ora duwé pangwasa ing ngatasé Aku.

31 Nanging jagad prelu ngerti yèn Aku
tresna marang Sang Rama, lan kuwi
sebabé déné Aku mung nglakoni apa
sing didhawuhaké marang Aku. Ayo, kita
padha lunga saka kéné."
15 1 Gusti Yésus ngandika menèh,
"Aku iki wit anggur sing sejati, lan
Rama-Ku sing ngupakara kebon anggur
mau.
2 Saben pang sing ora ngetokaké woh,
dipagas déning Sang Rama. Déné pang
sing ngetokaké woh, diresiki, supaya
wohé mundhak akèh.
3 Kowé kuwi wis padha diresiki srana
piwulang-piwulang sing Dakwènèhaké
marang kowé.
4 Padha nunggala karo Aku, lan Aku
bakal nunggal karo kowé. Pang kuwi
dhéwé ora bisa metokaké woh. Awit
bisané metokaké woh, mung yèn
nunggal karo wité. Kaya mengkono uga
tumrap kowé. Kowé mung bisa metokaké
woh, yèn kowé nunggal karo Aku.
5 Aku iki wité anggur, lan kowé pang-
pangé. Wong sing nunggal karo Aku,
lan Aku nunggal karo wong mau, bakal
metokaké woh akèh. Tanpa Aku, kowé
ora bisa apa-apa.

6 Wong sing ora nunggal karo Aku, kuwi
kaya pang sing dipagas, banjur dadi
garing. Pang-pang sing mengkono mau
bakal diklumpukaké lan dicemplungaké
ing geni, sarta kaobong.
7 Yèn kowé nunggal karo Aku, lan
piwulang-Ku koklakoni, kowé kepareng
nyuwun apa waé sing kokkarepaké;
panyuwunmu mau bakal dikabulaké.
8 Yèn kowé metokaké woh akèh,
Rama-Ku ing swarga diluhuraké; kuwi
buktiné yèn kowé murid-Ku temenan.
9 Enggon-Ku nresnani kowé, kaya Sang
Rama enggoné nresnani Aku. Padha
tetepa ana ing katresnan iki.
10 Menawa kowé padha nglakoni
pepakon-pepakon-Ku, Aku bakal tetep
nresnani kowé. Ora béda karo Aku
dhéwé: Sang Rama nresnani Aku, sebab
Aku nglakoni dhawuh-dhawuhé Sang
Rama.
11 Kabèh iki Dakkandhakaké
marang kowé, supaya kowé uga
ngrasakaké kabungahan-Ku, lan supaya
kabungahanmu dadia sampurna.
12 Pepakon-Ku mengkéné: Kowé kudu
padha tresna-tinresnan, padha kaya
enggon-Ku nresnani kowé.

13 Katresnan sing gedhé dhéwé yakuwi
menawa wong rila mati kanggo nglabuhi
mitrané.
14 Yèn kowé padha nglakoni apa sing
Dakdhawuhaké marang kowé, kowé dadi
mitra-mitra-Ku.
15 Kowé ora padha Daksebut batur
menèh, awit batur ora ngerti apa sing
lagi ditindakaké déning bendarané.
Kowé padha Daksebut mitra, awit
kabèh sing Dakrungu saka Rama-Ku wis
dakkandhakaké marang kowé.
16 Dudu kowé sing milih Aku, nanging
Aku sing milih kowé, lan Dakdadèkaké
utusan, supaya kowé metokaké woh
akèh kaya wit anggur mau, sing wohé
lestari ing selawasé. Rama-Ku bakal
maringi apa waé sing koksuwun atas
jeneng-Ku.
17 Iki dhawuh-Ku marang kowé: Padha
tresna-tinresnana."
18 "Menawa kowé padha disengiti
déning jagad, ngertia yèn Aku wis
disengiti luwih dhisik déning jagad.
19 Yèn pinangkamu saka jagad, jagad
kuwi bakal nresnani kowé, kaya wongé
jagad dhéwé. Nanging kowé wis
Dakpilih saka jagad lan Daksengker dadi

duwèk-Ku. Mulané kowé wis dudu wongé
jagad. Kuwi sebabé jagad mau sengit
karo kowé.
20 Élinga marang sing wis
Dakkandhakaké marang kowé:
‘Batur kuwi ora ngluwihi bendarané.’
Menawa wong-wongé jagad wis nganiaya
marang Aku, wong-wong mau uga bakal
nganiaya kowé. Yèn wong-wong mau
nampani pangandikané Gusti Allah sing
Dakwartakaké, mesthi uga bakal precaya
marang piwulang sing kokwartakaké.
21 Jagad bakal nindakaké panganiaya
kuwi mau kabèh marang kowé, merga
kowé kuwi wong-wong-Ku, lan merga
jagad ora wanuh marang Panjenenganė
sing ngutus Aku.
22 Saupama Aku ora teka lan
ngandhakaké kuwi mau kabèh marang
wong-wong kuwi, wong-wong kuwi
ora kena disalahaké. Nanging saiki
wong-wong mau ora duwé alesan
kanggo nutupi dosané.
23 Wong sing sengit marang Aku, kuwi
uga sengit marang Sang Rama sing
ngutus Aku.
24 Aku wis nindakaké mujijat-mujijat lan
kaélokan-kaélokan ana ing satengahé

wong-wong mau, sing durung tau
ditindakaké déning sapa waé. Saupama
Aku ora nindakaké pretandha-pretandha
ana ing satengahing wong-wong mau,
wong-wong kuwi ora kena disalahaké.
Nanging saiki, senajan wis padha
ndeleng pretandha-pretandha, éwadéné
wong-wong mau malah padha sengit
marang Aku, lan uga marang Rama-Ku.
25 Nanging sing mengkono kuwi, supaya
kelakon apa sing wis ditulis ana ing
Kitab Suciné wong-wong mau, surasané:
‘Tiyang-tiyang menika sami sengit
dhateng Kawula tanpa sebab.’
26 Nanging Sang Panglipur mau bakal
rawuh ndhawuhaké bab kersané Gusti
Allah, yakuwi Sang Roh Suci, sing miyos
saka Sang Rama, sing bakal Dakutus
marang kowé. Sang Roh Suci kuwi bakal
maringi paseksi bab Aku.
27 Kowé uga bakal padha dadi seksi-Ku,
sebab kowé wis padha bebarengan karo
Aku wiwit-wiwitan mula."

16 1 "Iki kabèh Dakkandhakaké
marang kowé, supaya kowé
mbésuk ora gela lan banjur nampik Aku.
2 Wong-wong bakal nyébrataké kowé
saka ing papan pangibadah. Bakal ana

mangsané wong sing matèni kowé, lan
srana penggawéné kang mengkono
kuwi, rumangsa caos pangabekti marang
Gusti Allah.
3 Enggoné padha tumindak mengkono
mau merga ora wanuh karo Sang Rama
lan uga ora wanuh karo Aku.
4 (16-4a) Nanging saiki kowé wis padha
Dakkandhani, supaya yèn wong-wong
nindakaké panganiaya marang kowé,
kowé padha kèlingan, yèn sadurungé
kuwi Aku wis ngandhani kowé." (16-4b)
"Prekara iki ora Dakkandhakaké marang
kowé saka wiwitan mula, merga Aku isih
awor karo kowé.
5 Nanging saiki Aku bakal sowan
menyang ngarsané Panjenengané sing
ngutus Aku. Éwasemono ing antaramu
ora ana sing takon, ‘Guru badhé tindak
dhateng pundi?’
6 Bareng wis Dakkandhani prekara
kuwi, saiki atimu malah dadi sedhih.
7 Aku kandha satemené karo kowé:
Tumrapé kowé, luwih becik yèn Aku
lunga; sebab yèn ora, Sang Juru
Tetulung kuwi ora bakal ngrawuhi kowé.
Nanging yèn Aku lunga, Aku bakal
ngutus Panjenengané.

8 Déné yèn rawuh, Panjenengané bakal
ngélingaké marang jagad, yèn kawruhé
jagad bab dosa kuwi salah. Semono
uga kawruhé bab kersané Allah lan bab
paukumané kuwi salah kabèh.
9 Penemuné bab dosa kuwi salah, merga
wong-wong mau padha ora precaya
marang Aku.
10 Penemuné jagad bab kersané Allah,
kuwi uga salah, merga Aku lunga
menyang ngarsané Rama-Ku, lan kowé
ora bakal ndeleng Aku menèh.
11 Semono uga penemuné bab
paukumané Allah, uga salah, sebab
pangwasané jagad (Iblis) kuwi wis
diadili!
12 Isih akèh prekara sing arep
Dakkandhakaké marang kowé, nanging
saiki kowé durung bisa nyandhak.
13 Nanging menawa Sang Roh Suci mau
wis rawuh, yakuwi Roh sing maringi
weruh bab kersané Allah, Panjenengané
bakal nuntun kowé supaya ngerti
sakabèhing prekara sing dikersakaké
déning Gusti Allah. Sang Roh Suci
mau ora bakal ngandikakaké apa-apa
manut kersané dhéwé, nanging mung
ngandikakaké apa sing diparingaké

déning Sang Rama, lan ngandhani kowé
prekara-prekara sing mbésuk bakal
kelakon.
14 Panjenengané bakal ngluhuraké Aku,
sebab Panjenengané bakal nampa saka
Aku, samubarang sing arep didhawuhaké
marang kowé.
15 Samubarang sing ana ing Sang
Rama kuwi duwèk-Ku. Kuwi sebabé
Aku kandha, yèn Sang Roh Suci bakal
mundhut saka Aku, lan apa sing ditampa
saka Aku, kuwi sing diparingaké marang
kowé."
16 "Kurang sedhéla menèh, kowé bakal
ora ndeleng Aku, nanging ora suwé
sawisé kuwi, kowé bakal ndeleng Aku
menèh."
17 Para sekabaté Gusti Yésus padha
takon-tinakon: "Apa sing dikersakaké?
Panjenengané ngandika: ‘Sedhéla
menèh kowé bakal ora ndeleng Aku.’
Karo menèh pangandikané: ‘Sebab Aku
sowan menyang ngarsané Rama-Ku.’
18 Lan apa tegesé pangandikané:
‘Sedhéla menèh’? Aku padha ora ngerti
apa sing dingandikakaké kuwi."
19 Gusti Yésus pirsa yèn para sekabat
arep padha nyuwun pirsa marang

Panjenenganè. Mulanè banjur ngandika:
"Aku kandha: ‘Sedhéla menèh kowé
bakal padha ora weruh Aku, lan sawisé
kuwi ora suwé kowé bakal weruh Aku
menèh.’ Apa prekara kuwi sing lagi
kokrembug?
20 Kowé padha Dakkandhani ing
satemené: kowé bakal padha nangis
lan sesambat, nanging jagad bakal
bungah. Kowé bakal padha sedhih,
nanging kasusahanmu bakal malih dadi
kabungahan.
21 Yèn wong wadon nglarani arep
nglairaké anak, wong mau atiné susah.
Nanging samangsa bayiné wis lair, wong
wadon mau bakal lali marang laranè lan
bakal bungah, sebab bayiné wis lair ing
donya.
22 Semono uga tumraping kowé, saiki
atimu susah, nanging Aku bakal nemoni
kowé menèh, atimu bakal bungah, lan
ora ana wong siji waé, sing bisa ngrebut
kabungahan kuwi saka ing atimu.
23 Yèn wis tekan semono, kowé bakal
ora padha takon apa-apa menèh marang
Aku. Ngandela: apa sing koksuwun
marang Sang Rama atas jeneng-Ku,

kuwi bakal diparingaké déning Sang
Rama.
24 Tekan sepréné kowé durung tau
nyuwun apa-apa atas saka jeneng-Ku.
Tansah nyenyuwuna, kowé mesthi bakal
kaparingan, supaya kowé bisa bungah
temenan."
25 "Kabèh sing Dakkandhakaké
marang kowé iki awujud pasemon.
Nanging bakal ana mangsané Aku ora
migunakaké pasemon menèh. Aku bakal
ngandhakaké marang kowé bab Sang
Rama, apa sanyatané.
26 Ing wektu kuwi kowé bakal padha
nyuwun marang Sang Rama atas
jeneng-Ku, lan Aku ora kandha yèn Aku
bakal nyuwunaké kowé marang Sang
Rama.
27 Sebab Sang Rama piyambak nresnani
kowé. Enggoné Sang Rama nresnani
kowé, merga kowé nresnani Aku, lan
kowé precaya yèn Aku diutus déning
Sang Rama.
28 Teka-Ku pancèn saka Sang Rama,
lan Aku wis teka ana ing jagad. Nanging
saiki Aku bakal lunga saka jagad iki lan
sowan menyang ngarsané Sang Rama."

29 Para sekabat nuli padha matur
marang Gusti Yésus: "Panjenengan
ngandika sawontenipun, tanpa pasemon.
30 Samenika kula sami mangertos, bilih
Panjenengan pirsa samukawis, lan sinten
kémawon mboten prelu nyuwun pirsa
menapa-menapa dhateng Panjenengan.
Awit saking menika kula sami pitados
bilih Panjenengan menika pinangkanipun
saking Gusti Allah."
31 Gusti Yésus ndangu marang para
sekabat: "Apa saiki kowé padha precaya?
32 Élinga, bakal tekan wektuné,
malah ya wis mangsané, kowé padha
dibuyaraké. Kowé kabèh bakal padha
bali menyang omahmu dhéwé-dhéwé lan
ninggal Aku ijèn. Nanging Aku ora ijèn,
sebab Sang Rama nunggil karo Aku.
33 Iki mau kabèh Dakkandhakaké
marang kowé, supaya atimu tentrem,
merga kowé padha nunggal karo Aku.
Jagad bakal gawé sengsaramu, nanging
padha ditatag atimu, awit Aku wis
ngalahaké jagad iki."

17 1 Sawisé ngandikakaké kuwi mau
kabèh, Gusti Yésus nuli tumenga
ing langit lan matur: "Dhuh Rama,
samenika sampun dumugi wekdalipun.

Mugi kersa ngluhuraken Sang Putra,
supados Sang Putra saged ngluhuraken
Sang Rama.
2 Paduka sampun maringaken dhateng
Kawula pangwasa ing ngatasipun sedaya
manungsa, supados Kawula nyukani
gesang sejatos dhateng sedaya tiyang
ingkang Paduka paringaken dhateng
Kawula.
3 Gesang sejatos inggih menika,
menawi tiyang wanuh dhateng Paduka,
Allah ingkang sejatos, ingkang mboten
wonten tunggilipun, sarta tepang kaliyan
Yésus Kristus, utusan Paduka.
4 Kawula sampun ngluhuraken asma
Paduka wonten ing donya menika,
sarta Kawula sampun ngrampungaken
pedamelan ingkang Paduka bebahaken
dhateng Kawula.
5 Dhuh Rama, mugi Paduka samenika
kersa ngluhuraken Kawula ing ngarsa
Paduka. Kawula mugi kaluhuraken
kalayan kamulyan, ingkang Kawula
gadhahi sesarengan kaliyan Paduka
sadèrèngipun jagad katitahaken.
6 Kawula sampun ngetingalaken Paduka
dhateng tiyang-tiyang ing donya,
ingkang Paduka paringaken dhateng

Kawula. Tiyang-tiyang menika kagungan
Paduka, lan Paduka sampun maringaken
tiyang-tiyang wau dhateng Kawula.
Tiyang-tiyang wau sampun pitados
dhateng pangandika Paduka,
7 lan samenika tiyang-tiyang menika
sami sumerep, bilih sedaya ingkang
Paduka paringaken dhateng Kawula
menika kagungan Paduka.
8 Kawula sampun nyariyosaken dhateng
tiyang-tiyang menika pawartos ingkang
Paduka paringaken dhateng Kawula, lan
tiyang-tiyang wau inggih sampun sami
pitados. Tiyang-tiyang wau mangertos
saèstu, bilih asal Kawula menika saking
Paduka, lan bilih Paduka ingkang ngutus
Kawula.
9 Kawula ndongakaken tiyang-tiyang
menika. Kawula mboten ndongakaken
jagad. Kawula namung ndedonga kanggé
tiyang-tiyang ingkang sampun Paduka
paringaken dhateng Kawula kémawon,
sebab tiyang-tiyang menika kagungan
Paduka.
10 Menapa ingkang dados gadhahan
Kawula, menika ugi kagungan Paduka,
lan sedaya kagungan Paduka menika
inggih gadhahan Kawula, sarta

Kawula sampun kaluhuraken lantaran
tiyang-tiyang menika.
11 Samenika Kawula sowan wonten ing
ngarsa Paduka. Kawula badhé mboten
wonten ing donya malih, nanging
tiyang-tiyang menika taksih wonten
ing donya ngriki. Dhuh Rama, ingkang
Mahasuci! Tiyang-tiyang peparing
Paduka dhateng Kawula menika mugi
tetepa wonten ing pangwaos Paduka,
inggih menika pangwaos kados ingkang
sampun Paduka paringaken dhateng
Kawula, supados tiyang-tiyang wau
dados setunggal, kados déné Paduka lan
Kawula menika setunggal.
12 Nalika tiyang-tiyang menika taksih
tetunggilan kaliyan Kawula, sami Kawula
reksa, supados sami tetepa wonten ing
pangwaos Paduka, inggih pangwaos
ingkang sampun Paduka paringaken
dhateng Kawula. Tiyang-tiyang ingkang
Paduka paringaken dhateng Kawula
menika sampun Kawula ayomi, lan
mboten wonten setunggal kémawon
ingkang ical, kejawi tiyang ingkang
pancèn sampun tinakdir manggih
karisakan, supados kelampahan menapa

ingkang sampun kaserat wonten ing
Kitab Suci.
13 Samenika Kawula sowan wonten ing
ngarsa Paduka. Lan Kawula ngaturaken
sedaya menika ing salebetipun Kawula
taksih wonten ing donya, supados
tiyang-tiyang menika saged tumut
ngraosaken kabingahan Kawula wonten
ing manahipun.
14 Piwulang-piwulang saking Paduka
sampun Kawula sukakaken dhateng
tiyang-tiyang menika, mila piyambakipun
dipun sengiti déning jagad, awit sami
sanès tiyangipun jagad, kados déné
Kawula inggih sanès tiyangipun jagad.
15 Kawula mboten nyuwun supados
tiyang-tiyang menika Paduka pundhut
saking jagad, namung supados Paduka
reksa, sampun ngantos piyambakipun
dipun kwaosi déning Iblis.
16 Kawula sanès tiyangipun jagad,
mekaten ugi tiyang-tiyang menika inggih
sanès tiyangipun jagad.
17 Tiyang-tiyang menika mugi Paduka
sengker dados kagungan Paduka
piyambak, srana kayektosan Paduka.
Pangandika Paduka menika kayektosan.

18 Kados déné Paduka sampun ngutus
Kawula dhateng ing jagad, kados
mekaten ugi Kawula inggih ngutus
tiyang-tiyang menika dhateng jagad.
19 Lan kanggé kepreluanipun tiyang-
tiyang menika, Kawula masrahaken
badan Kawula dhateng Paduka, supados
tiyang menika inggih saèstu enggènipun
nucèkaken badanipun kados déné
tiyang-tiyang ingkang sampun Paduka
sengker kagem Paduka piyambak.
20 Kawula ndedonga mboten namung
kanggé tiyang-tiyang menika kémawon,
nanging ugi kanggé tiyang-tiyang
ingkang pitados dhateng Kawula, merga
saking piwulangipun para sekabat
menika.
21 Panyuwun Kawula, supados sedaya
tiyang pitados menika dados setunggal,
kados déné Paduka kaliyan Kawula
menika setunggal, sarta Kawula kaliyan
Paduka ugi setunggal. Mugi sami dadosa
setunggal, supados jagad menika
pitados, bilih Paduka ingkang ngutus
Kawula.
22 Tiyang-tiyang menika sampun
Kawula sukani kamulyan, ingkang
Paduka paringaken dhateng Kawula,

supados srana mekaten tiyang-tiyang
wau dados setunggal, kados déné
Paduka kaliyan Kawula inggih setunggal.
23 Kawula nunggil kaliyan tiyang-tiyang
menika, sarta Paduka nunggil kaliyan
Kawula, supados sampurnaa enggènipun
dados setunggal, temah jagad sumerep,
bilih Paduka menika ingkang ngutus
Kawula, sarta bilih Paduka nresnani
tiyang-tiyang wau, kados déné enggèn
Paduka nresnani dhateng Kawula.
24 Dhuh Rama! Kawula kepéngin
supados tiyang-tiyang menika
sesarengan kaliyan Kawula, wonten ing
papan ingkang Kawula enggèni, supados
sami sumerep dhateng kamulyan
Kawula, inggih menika kamulyan
ingkang Paduka paringaken dhateng
Kawula, awit Paduka nresnani Kawula,
wiwit jagad menika dèrèng katitahaken.
25 Dhuh Rama ingkang mahaadil. Jagad
menika mboten tepang kaliyan Paduka,
nanging Kawula tepang kaliyan Paduka,
lan tiyang-tiyang menika mangertos bilih
Paduka ingkang ngutus Kawula.
26 Kawula sampun mratélakaken
kawontenan Paduka dhateng tiyang-
tiyang menika, lan Kawula tansah badhé

nindakaken mekaten, supados tiyang-
tiyang wau sami saged ngraosaken
katresnan Paduka dhateng Kawula lan
supados Kawula inggih dados setunggal
kaliyan tiyang-tiyang menika."

18

1 Sawisé Gusti Yésus ndedonga
mengkono mau, Panjenenganè
nuli tindak menyang sabrangé Kali
Kidron, kadhèrèkaké déning para
sekabaté. Ing kono ana petamanan, sing
nuli dilebeti déning Gusti Yésus lan para
sekabaté.
2 Déné Yudas, sing arep ngulungaké
Panjenenganè, ngerti panggonan kono,
sebab Gusti Yésus kerep tindak mrono
karo para sekabaté.
3 Yudas nuli mrono, nggawa prejurit
lan wong sing jaga Pedalemané Allah,
didhawuhi déning para pengareping
imam lan wong-wong Farisi. Wong-wong
mau padha nggawa gaman, lampu ting
lan obor.
4 Gusti Yésus pirsa kabèh apa sing bakal
kelakon tumrap sariranè. Mulané banjur
nyedhaki wong-wong mau karo ndangu:
"Kowé padha nggolèki sapa?"
5 Wangsulané wong-wong mau: "Yésus,
wong Nasarèt." Pangandikané Gusti

Yésus: "Ya Aku iki wongé." Yudas,
sing ngulungaké Gusti Yésus kuwi uga
ngadeg ana ing kono bebarengan karo
wong-wong mau.
6 Nalika Gusti Yésus ngandika: "Ya Aku
iki wongé," wong-wong mau nuli padha
mundur kabèh lan tiba ana ing lemah.
7 Gusti Yésus nuli ngambali ndangu:
"Kowé nggolèki sapa?" Wangsulané
wong-wong mau: "Yésus wong Nasarèt."
8 Pangandikané Gusti Yésus: "Aku wis
kandha, Aku iki wongé. Lan menawa
sing kokgolèki kuwi Aku, wong-wong
liyané iki karebèn padha lunga."
9 (Srana ngandika mengkono kelakon
apa sing wis dingandikakaké déning
Gusti Yésus sadurungé, mengkéné:
"Dhuh Rama, tiyang-tiyang ingkang
Paduka paringaken dhateng Kawula,
mboten wonten setunggal kémawon
ingkang ketriwal.")
10 Simon Pétrus sing nalika semana
nggawa pedhang, ngunus pedhangé,
banjur disabetaké marang abdiné Imam
Agung, nganti kupingé tengen wong mau
perung. Jenengé abdi mau Malkus.
11 Gusti Yésus nuli ngandika marang
Pétrus: "Pedhangmu rangkakna menèh!

Apa kokkira Aku ora gelem nandhang
kasangsaran sing diparingaké déning
Sang Rama marang Aku?"
12 Para prejurit lan komandhané tuwin
para wong sing jaga Pedalemané Allah
nuli padha nyekel lan mbanda Gusti
Yésus.
13 Gusti Yésus diirid dhisik menyang
dalemé Hanas, bapakné maratuwa
Kayafas, sing dhèk semana dadi Imam
Agung.
14 Lan Kayafas kuwi sing wis mènèhi
pamrayoga marang wong-wong Yahudi,
yèn luwih becik menawa wong siji waé
sing mati, kanggo sabangsa kabèh.
15 Simon Pétrus lan sekabat siji liyané,
padha ngetutaké Gusti Yésus. Sekabat
liyané mau kenalané Imam Agung, dadi
bisa terus mlebu ing pekarangané Imam
Agung, bebarengan karo Gusti Yésus,
16 nanging Pétrus ngentèni ana ing
njaban régol. Sekabat kenalané Imam
Agung mau nuli metu lan nembung karo
wong wadon sing jaga lawang, banjur
mlebu menèh karo ngajak Pétrus.
17 Abdi wadon sing jaga lawang mau
takon karo Pétrus: "É, é, napa sampéyan
sanès tunggilé tiyang-tiyang sing

ndhèrèk tiyang niku?" Wangsulané
Pétrus: "Sanès."
18 Nalika semana lagi mangsa
bedhidhing. Mulané para abdi lan para
wong sing jaga padha gawé bedhiyang
lan padha ngadeg gegeni sakubengé
bedhiyang mau. Pétrus uga ngadeg ana
ing kono mèlu gegeni.
19 Ing kono Imam Agung nuli wiwit
ndangu marang Gusti Yésus bab para
sekabaté lan bab piwulangé.
20 Gusti Yésus ngandika: "Kula
selaminipun mucal wonten ing
ngajengipun tiyang kathah ing sinagogé-
sinagogé lan ing Pedalemanipun Allah,
ing panggènan ingkang limrahipun
kanggé kempalan tiyang-tiyang Yahudi.
Mboten naté kula mucal sesidheman.
21 Kénging menapa Panjenengan
ndangu dhateng Kula? Mbok ndangu
kémawon dhateng tiyang-tiyang ingkang
sampun sami mirengaken enggèn
Kula mucal? Panjenengan ndangu
tiyang-tiyang menika menapa ingkang
Kula wucalaken. Tiyang-tiyang menika
sampun sami mangertos!"
22 Nalika Gusti Yésus ngandika
mengkono, ana salah sawijining wong

jaga ing sacedhaké kono napuk Gusti
Yésus karo muni: "Kokkaya ngono
wangsulanmu marang Imam Agung!"
23 Pangandikané Gusti Yésus: "Yèn
atur-Ku iki salah, kandhakna endi sing
salah! Nanging yèn kandha-Ku bener,
apa sebabé kowé napuk Aku?"
24 Hanas banjur akon nggawa Gusti
Yésus menyang panggonané Imam
Agung Kayafas. Astané Gusti Yésus
dibanda.
25 Simon Pétrus isih ngadeg ana ing
kono gegeni. Wong-wong ing sacedhaké
padha takon marang Pétrus: "Kowé
rak ya muridé Wong kuwi ta?" Nanging
Pétrus sélak, karo muni: "Dudu!"
26 Salah sijiné abdiné Imam Agung,
yakuwi seduluré wong sing kupingé
kaperung déning Pétrus, kandha: "Aku
weruh kowé bebarengan karo Wong kuwi
ana ing petamanan, rak iya ta?"
27 Pétrus banjur muni menèh: "Ora."
Ing wektu kuwi nuli ana jago kluruk.
28 Sawisé kuwi Gusti Yésus banjur diirid
saka omahé Kayafas menyang dalemé
gubernur. Nalika semana isih ésuk
banget. Wong Yahudi dhéwé padha ora
mlebu ing dalem gubernuran, supaya

(miturut prenatané agama) ora dadi
najis, sebab arep padha ngriayakaké
Paskah.
29 Mulané Gubernur Pilatus metu
nemoni wong-wong mau, sarta
ngandika: "Wong kuwi salahé apa?"
30 Wong-wong mau padha mangsuli:
"Menawi mboten lepat, mboten badhé
kula sowanaken mriki!"
31 Gubernur Pilatus nuli ngandika
menèh: "Priksanen dhéwé lan putusana
dhéwé, apa ukumané miturut prenatané
agamamu!" Nanging wong-wong Yahudi
mau padha matur: "Kula mboten wenang
ndhawahaken ukuman pejah."
32 (Kuwi kabèh supaya kelakona apa
sing wis dingandikakaké déning Gusti
Yésus bab sédané.)
33 Gubernur Pilatus nuli mlebu menèh
ing dalem gubernuran lan nimbali Gusti
Yésus. Gubernur Pilatus banjur ndangu:
"Apa kowé kuwi ratuné wong Yahudi?"
34 Pangandikané Gusti Yésus: "Menapa
pitakènan menika saking panjenengan
piyambak, menapa wonten tiyang
sanès ingkang ngaturi pirsa dhateng
panjenengan?"

35 Gubernur Pilatus mangsuli: "Apa
rumangsamu aku iki wong Yahudi?
Bangsamu dhéwé lan para pengareping
imam kuwi sing ngladèkaké kowé
marang aku. Apa penggawému
koknganti dicekel?"
36 Pangandikané Gusti Yésus: "Kraton
Kula mboten saking donya. Menawi
Kraton Kula saking donya menika,
tiyang-tiyang Kula temtunipun sampun
nglawan perang, supados Kula sampun
ngantos dhawah ing tanganipun tiyang
Yahudi. Pancèn Kraton Kula mboten
saking donya ngriki!"
37 Gubernur Pilatus banjur ndangu
menèh: "Yèn mengkono apa kowé kuwi
ratu temenan?" Pangandikané Gusti
Yésus: "Kados ingkang panjenengan
ngandikakaken. Kula menika pancèn
ratu! Prelunipun Kula lair wonten ing
donya menika namung setunggal, inggih
menika: neksèni bab kayektosanipun
Allah. Sok tiyanga ingkang pitados
dhateng kayektosan menika, mesthi
mirengaken lan nggatosaken dhateng
Kula."
38 (18-38a) Gubernur Pilatus nuli
takon: "Kayektèn kuwi apa?" (18-38b)

Gubernur Pilatus banjur metu menèh
nemoni wong-wong Yahudi lan ngandika
marang wong-wong mau: "Aku ora
weruh kaluputané Wong iki!
39 Nanging manut padatan, pendhak
Riaya Paskah aku ngluwari wong ukuman
siji. Apa kowé setuju yèn aku ngluwari
ratuning wong Yahudi kuwi?"
40 Wong-wong akèh mau padha
mbengok: "Mboten! Sampun ngantos
dipun luwari Tiyang menika! Kula
nyuwun luwaripun Barabas kémawon!"
(Barabas kuwi bégal.)

19

1 Gubernur Pilatus nuli dhawuh
nggawa Gusti Yésus, supaya
dipecuti.
2 Para prejurit sing ana ing kono
nuli padha nganam eri, diéntha kaya
makutha. Makutha eri mau banjur
diagemaké ana ing mestakané Gusti
Yésus. Sawisé kuwi Panjenengané nuli
diagemi jubah wungu.
3 Prejurit-prejurit mau nuli padha
maju ing ngarsané Gusti Yésus, karo
muni: "Ngaturi sugeng ratunipun tiyang
Yahudi!" Sawisé kuwi Gusti Yésus nuli
dikamplengi.

4 Gubernur Pilatus nuli metu sepisan
menèh lan ngandika marang wong akèh
mau: "Delengen, Wongé arep dakgawa
ana ing ngarepmu, supaya kowé padha
weruh; yèn miturut panemuku Wong
kuwi ora salah apa-apa."
5 Gusti Yésus nuli digawa metu, diagemi
makutha eri lan jubah wungu. Gubernur
Pilatus nuli ngandika: "Delengen, iki
Wongé!"
6 Bareng para pengareping imam lan
para wong sing jaga padha weruh Gusti
Yésus, banjur padha bengok-bengok:
"Kasaliba, kasaliba!" Gubernur Pilatus
ngandika marang wong akèh mau:
"Gawanen lan saliben dhéwé. Manut
panemuku Wong kuwi ora salah
apa-apa."
7 Wangsulané wong Yahudi: "Manut
angger-anggering agami kula, Tiyang
menika kedah dipun ukum pejah, sebab
piyambakipun ngaken-aken Putranipun
Allah."
8 Bareng Gubernur Pilatus krungu
tembungé wong-wong sing mengkono
mau, panjenengané saya wedi.
9 Gubernur Pilatus banjur mlebu menèh
ing dalem gubernuran lan takon marang

Gusti Yésus: "Asalmu saka ngendi?"
Nanging Gusti Yésus ora kersa mangsuli.
10 Gubernur Pilatus banjur takon
menèh: "Apa kowé ora gelem caturan
karo Aku? Ngertia yèn aku wenang
ngluwari kowé, nanging uga wenang
nyalib kowé."
11 Pangandikané Gusti Yésus:
"Panjenengan babar-pisan mboten
gadhah wewenang dhateng Kula,
menawi mboten kaparingan pangwaos
saking Gusti Allah. Milanipun tiyang-
tiyang ingkang ngladosaken Kula
dhateng panjenengan, menika
dosanipun langkung ageng ketimbang
kaliyan dosa panjenengan."
12 Bareng Gubernur Pilatus krungu
sing mengkono mau, panjenengané
banjur ngudi supaya bisa ngluwari Gusti
Yésus. Nanging wong-wong Yahudi saya
banget enggoné nguwuh-uwuh: "Menawi
panjenengan ngluwari Tiyang menika,
panjenengan sanès mitranipun Kaisar.
Tiyang ingkang ngaken dirinipun ratu
menika mengsahipun Kaisar!"
13 Krungu wong padha muni mengkono,
Gubernur Pilatus nuli dhawuh, supaya
Gusti Yésus digawa metu, panjenengané

nuli lenggah ana ing kursi pengadilan, sing karan Gabata, tegesé ‘Jrambah Watu.’
14 Nalika semana wektuné mèh jam rolas awan, ngarepaké Riaya Paskah. Gubernur Pilatus nuli ngandika marang wong-wong Yahudi: "Iki Ratumu!"
15 Wong mau banjur padha bengok-bengok: "Dipun pejahi! Dipun pejahi! Kasaliba!" Gubernur Pilatus mangsuli: "Apa karepmu supaya aku nyalib Ratumu?" Para pengareping imam padha mangsuli: "Kula mboten gadhah Ratu, kejawi Sang Kaisar!"
16 Gubernur Pilatus banjur masrahaké Gusti Yésus marang wong-wong Yahudi, supaya disalib. Gusti Yésus nuli diirid metu, digawa lunga.
17 Sawisé kuwi Gusti Yésus digawa metu saka dalemé Gubernur Pilatus, karo manggul salibé, menyang panggonan sing aran Golgota, tegesé ‘Panggonan Cumplung.’[h]
18 Ana ing kono Gusti Yésus disalib. Ana wong loro sing uga disalib bareng karo Panjenengané, sing siji ana ing kiwa,

---

[h]Cumplung: tengkorak (bhs. Ind.).

sijiné ana ing tengené; Gusti Yésus ana
ing tengah.
19 Gubernur Pilatus wis mréntahaké
supaya ing kayu salibé Gusti Yésus
ditulisi: "Yésus saka Nasarèt, Ratuné
wong Yahudi."
20 Akèh wong Yahudi sing padha maca
tulisan kuwi, sebab ora adoh saka
kutha. Tulisan ing kayu salib mau ditulis
nganggo basa Ibrani, basa Latin lan basa
Yunani.
21 Para pengareping imam bangsa
Yahudi nuli padha matur marang
Gubernur Pilatus: "Sampun dipun serat
‘Ratuné wong Yahudi,’ nanging kaserata
‘Wong kuwi kandha, Aku Ratuné wong
Yahudi.’"
22 Nanging Gubernur Pilatus mangsuli:
"Apa sing wis ditulis, aja diowahi!"
23 Sawisé para prejurit mau padha
nyalib Gusti Yésus, nuli padha njupuk
agemané. Ageman mau diedum dadi
patang bagéan, saben wong siji olèh
sebagéan. Banjur padha njupuk jubahé.
Jubah mau ora ana dondomané, ditenun
lajuran saka ndhuwur mengisor.
24 Para prejurit mau padha kandha:
"Jubah kuwi beciké aja disuwèk-suwèk.

Dilotré waé, bèn karuwan sapa sing
olèh." Kedadéan kuwi cocog karo sing
wis katulis ing Kitab Suci, sing surasané
mengkéné: "Sandhangan Kawula sami
dipun edum-edum, saha jubah Kawula
dipun lotré." Sing mengkono kuwi wis
katindakaké déning para prejurit.
25 Ibuné Gusti Yésus lan seduluré
wadon, yakuwi Maryam bojoné Klopas,
sarta Maryam Magdaléna, padha ngadeg
ana ing sacedhaké salibé Gusti Yésus.
26 Panjenengané mirsa ibuné lan
sekabat sing ditresnani padha ngadeg
ana ing kono. Gusti Yésus nuli matur
marang ibuné: "Ibu, menika ingkang
Putra."
27 Nuli ngandika marang sekabaté
mau: "Kuwi ibumu." Lan wiwit dina kuwi
sekabat mau mboyong ibuné Gusti Yésus
ana ing omahé dhéwé.
28 Sawisé kuwi Gusti Yésus pirsa yèn
samubarang kabèh saiki wis rampung,
Gusti Yésus nuli ngandika supaya
kelakon apa sing katulis ing Kitab Suci:
"Aku ngelak."
29 Ing kono ana mangkok isi anggur
sing rasané kecut. Nuli ana wong sing
nyelupaké jamur karang ing anggur

kecut mau, banjur dicublesaké ing pucuking hisop, banjur ditèmpèlaké ing lathiné Gusti Yésus.
30 Sawisé nyecep anggur kecut mau, nuli nguwuh: "Wis rampung!" Mestakané banjur tumungkul lan séda.
31 Nalika semana dina Jemuah, yakuwi dina pacawisan Riaya Paskah. Supaya ing dina Sabbat layon-layon mau aja nganti isih tetep ana ing kayu salib, mulané wong Yahudi padha nyuwun idin marang Gubernur Pilatus, ngremuk sikilé wong-wong sing padha disalib, lan ngudhunaké layon-layon mau saka ing kayu salibé.
32 Para prejurit nuli wiwit ngremuki sikilé wong sing disalib ana ing kiwa lan tengené Gusti Yésus.
33 Nanging bareng marani Gusti Yésus, kétok yèn Panjenengané wis séda. Mulané samparané Gusti Yésus ora diremuk.
34 Éwasemono salah sijiné prejurit njojoh lambungé Gusti Yésus nganggo tumbak, temah sanalika metu getihé lan banyuné.
35 Wong sing ndeleng dhéwé lelakon kuwi sing ngandhakaké prekara mau,

mangka apa sing dikandhakaké kuwi
nyata, supaya kowé uga padha precaya,
awit wong mau weruh dhéwé.
36 Srana mengkono kelakon apa sing
katulis ana ing Kitab Suci, sing uniné
mengkéné: "Ora ana balungé sing
diremuk."
37 Lan ana uga tulisan liyané sing uniné
mengkéné: "Wong-wong bakal padha
ndeleng marang Panjenengané sing wis
dijojoh lambungé."
38 Sawisé kuwi Yusuf saka kutha
Arimatéa, nyuwun idin marang
Gubernur Pilatus diparengna ngukup
layoné Gusti Yésus. (Yusuf kuwi wong
precaya, nanging olèhé ndhèrèk Gusti
Yésus sesidheman, awit wedi karo
penggedhéné wong Yahudi.) Gubernur
Pilatus ngidini, mulané Yusuf banjur
mangkat njupuk layoné Gusti Yésus.
39 Nikodémus sing biyèn tau sowan ing
ngarsané Gusti Yésus ing wayah bengi,
uga mangkat bebarengan karo Yusuf.
Nikodémus nggawa mur lan gaharu
sing wis diadoni. Kabèh boboté kira-kira
telung puluh kilogram.
40 Wong loro mau nuli ngudhunaké
layoné Gusti Yésus, banjur diulesi kain

mori sarta nganggo adonan sing digawa
mau, miturut carané wong Yahudi.
41 Ing panggonan sing kanggo nyalib
Gusti Yésus mau ana petamanan. Ing
petamanan kono ana kuburan anyar,
sing durung tau dienggo.
42 Sarèhné kuburan kuwi cedhak,
mangka ésuké wis dina Sabbat, mulané
layoné Gusti Yésus nuli disarèkaké ana
ing kono.

20 1 Ing dina Minggu, nalika isih ésuk
umun-umun, dadi isih peteng,
Maryam Magdaléna lunga menyang
pesaréané Gusti Yésus. Ing kono Maryam
Magdaléna weruh watu tutupé guwa
pesaréan mau wis sumingkir saka ing
panggonané.
2 Mula Maryam Magdaléna nuli mlayu
nggolèki Simon lan sekabaté Gusti Yésus
sing dikasihi, banjur kandha: "Layoné
Gusti Yésus wis dijupuk wong, aku ora
ngerti ana ing ngendi olèhé nyèlèhaké!"
3 Pétrus lan sekabat sing dikasihi
Gusti Yésus mau sanalika nuli mangkat
menyang pesaréan.
4 Wong loro mau padha mlayu, nanging
sekabat sing sijiné playuné luwih rikat

ketimbang karo Pétrus. Mulané tekané
ing pesaréan luwih dhisik.
5 Bareng nginguk ing njero pesaréan,
sakabat mau weruh kain mori ana ing
kono, nanging dhèwèké ora terus mlebu.
6 Simon Pétrus sing tekané kèri, terus
mlebu ing pesaréan. Pétrus weruh kainé
mori sumèlèh ana ing kono,
7 nanging kacu sing ditalèkaké ana ing
mestakané Gusti Yésus ora ana ing kono.
Kacu kuwi wis lempitan sumèlèh pisah
karo kain mori mau.
8 Sekabat sing teka dhisik mau uga
banjur mlebu ing pesaréan. Weruh kuwi
mau kabèh, temahan precaya.
9 (Nganti wektu kuwi para sekabat
durung padha ngerti apa sing katulis ana
ing Kitab Suci, yèn Gusti Yésus bakal
wungu saka ing séda.)
10 Sawisé kuwi para sekabat mau banjur
padha mulih.
11 Maryam isih kari ana ing ngarep
pesaréan karo nangis. Sajroné nangis
Maryam mbungkuk karo nginguk ing
njero pesaréan.
12 Maryam weruh ana malaékat loro
ngagem sandhangan putih. Malaékat loro
mau padha lenggah ana ing panggonan

sing mentas kanggo nyarèkaké layoné
Gusti Yésus. Malaékat sing siji lenggah
ana ing prenahé mestaka, sing sijiné ana
ing prenahé samparané Gusti Yésus.
13 Para malaékat mau padha ndangu
marang Maryam: "Ibu, yagéné kowé
koknangis?" Wangsulané Maryam:
"Wonten tiyang ingkang mendhet
layonipun Gusti kawula, lan kawula
mboten sumerep wonten pundi
enggènipun nyèlèhaken!"
14 Sawisé matur mengkono, Maryam
nuli méngo, sarta weruh Gusti Yésus
jumeneng ana ing kono. Nanging
Maryam ora ngerti yèn kuwi Gusti Yésus.
15 Pendanguné: "Ibu, yagéné kowé
nangis? Kowé nggolèki sapa?" Maryam
ngira wong kuwi juru-taman. Mulané
kandhané: "Pak, menawi sampéyan
ingkang mindhah layonipun Gusti kula
saking ngriki, wonten pundi enggèn
sampéyan nyèlèhaken. Mangké badhé
kula purugi mrika."
16 Gusti Yésus nuli ngandika: "Maryam."
Maryam banjur nolèh, banjur muni
nganggo basa Ibrani: "Rabuni" (tegesé:
‘Guru’).

17 Gusti Yésus ngandika: "Aja nggepok
Aku, awit Aku durung sowan marang
Rama-Ku. Lungaa nemoni sedulur-
sedulur-Ku. Kandhanana: ‵Aku arep
sumengka sowan marang ngarsané
Rama-Ku, iya Ramamu; ing ngarsané
Gusti-Ku lan iya Gustimu.′"
18 Maryam nuli mangkat ngandhani
para sekabat, yèn dhèwèké wis ketemu
Gusti Yésus, lan ngandhakaké welingé
mau kabèh.
19 Ing dina Minggu kuwi uga, nalika
wayah bengi, para sekabaté Gusti Yésus
padha ngumpul ana ing sawijining omah;
lawang-lawangé dikunci kabèh, awit
padha wedi marang penggedhéné wong
Yahudi. Dumadakan Gusti Yésus rawuh
ing tengah-tengahé para sekabat mau,
karo ngandika: "Tentrem rahayu anaa
ing kowé kabèh."
20 Sawisé ngandika mengkono nuli
nedahaké astané lan lambungé. Bareng
weruh Gusti Yésus, para sekabat mau
padha bungah banget.
21 Gusti Yésus nuli ngandika sepisan
menèh marang para sekabat mau:
"Tentrem rahayu anaa ing kowé kabèh.
Kaya déné enggon-Ku diutus déning

Sang Rama, mengkono uga Aku ngutus
kowé."
22 Sawisé ngandika mengkono, para
sekabat nuli padha didamoni karo
dipangandikani: "Padha nampanana Roh
Suci.
23 Menawa kowé ngapura dosané wong,
dosa mau uga diapura déning Gusti
Allah; lan menawa kowé netepaké
dosané wong, dosa kuwi uga ditetepaké
déning Gusti Allah."
24 Tomas (sing uga ketelah
Didimus, utawa ‘wong kembar’)
kuwi panunggalané sekabat rolas; nalika
Gusti Yésus ngetingal marang para
sekabat, Tomas ora mèlu ngumpul.
25 Mulané para sekabat liyané nuli
kandha marang Tomas: "Aku wis
padha ndeleng Gusti!" Nanging Tomas
mangsuli: "Yèn aku durung ndeleng
tilasing paku ing astané lan durung
ndemèk tatu sing ana ing astané mau
nganggo drijiku dhéwé sarta durung
nggrayang lambungé nganggo tanganku,
aku durung ngandel."
26 Wolung dina sawisé kuwi para
sekabaté Gusti Yésus padha ngumpul
menèh ing omah mau; Tomas uga

ana. Lawangé kabèh padha dikuncèni.
Nanging Gusti Yésus mlebet lan
jumeneng ana ing tengah-tengahé para
sekabat mau, karo ngandika: "Tentrem
rahayu anaa ing kowé kabèh!"
27 Gusti Yésus nuli ngandika marang
Tomas: "Delengen tangan-Ku, endi
drijimu, sing arep kokenggo ndemèk
tatu ing tangan-Ku. Endi tanganmu,
grayangana lambung-Ku, kowé aja
mangu-mangu, nanging precayaa!"
28 Tomas nuli matur marang Gusti
Yésus: "Gusti kawula, Allah kawula!"
29 Gusti Yésus banjur ngandika marang
Tomas: "Apa enggonmu precaya kuwi
merga kowé wis ndeleng Aku? Begja
wong sing padha precaya senajan ora
ndeleng Aku."
30 Isih akèh mujijat-mujijat sing
ditindakaké déning Gusti Yésus ana ing
ngarepé para sekabat, sing ora kasebut
ing Kitab Suci iki.
31 Olèhé ditulis ana ing Kitab Suci iki,
supaya kowé padha precaya yèn Gusti
Yésus kuwi Sang Kristus, Putrané Allah.
Lan supaya srana precayamu kuwi kowé
padha urip merga saka pangwasané.

21 1 Sawisé kuwi Gusti Yésus
ngetingal menèh marang para
sekabaté ing sapinggiré Tlaga Tibérias.
Critané mengkéné:
2 Ing sawijining dina Simon Pétrus
lan Tomas, sing karan Didimus,
Natanaèl sing asalé saka désa Kana, ing
tanah Galiléa, anak-anaké Zébedéus,
lan sekabat loro liyané, lagi padha
nglumpuk.
3 Simon Pétrus nuli kandha marang
kanca-kanca liyané mau: "Aku arep
njala!" "Aku mèlu," kandhané para
sekabat-sekabat liyané marang Pétrus.
Para sekabat mau nuli padha lunga,
nunggang prau menyang tengah tlaga.
Nanging sawengi muput para sekabat
mau ora olèh iwak siji-sijia.
4 Bareng srengéngéné mlethèk, Gusti
Yésus rawuh, jumeneng ana ing gisik,
nanging para sekabat ora padha ngerti
yèn sing jumeneng kuwi Gusti Yésus.
5 Gusti Yésus nuli ngandika: "Bocah-
bocah, apa kowé padha duwé iwak
kanggo lawuh?" Wangsulané para
sekabat: "Mboten!"
6 Gusti Yésus nuli ngandika: "Jalamu
tibakna ing satengené prau, mengko

kowé rak olèh iwak." Para sekabat nuli
nibakaké jalané ana ing sisih tengené
prau. Jala mau banjur ora kena digèrèd,
jalaran saka akèhé iwak.
7 Sekabat sing dikasihi déning Gusti
Yésus banjur ngandhani Pétrus: "Kuwi
Gusti!" Bareng Pétrus krungu yèn wong
kuwi Gusti Yésus, Pétrus énggal-énggal
nganggo jubahé menèh (sebab Pétrus
ngliga), banjur nggebyur ing banyu.
8 Para sekabat liyané padha nusul
nganggo prau menyang gisik, karo
nggèrèd jalané sing kebak iwak mau.
Prau mau ora adoh saka dharatan,
kira-kira mung wetara satus mèter.
9 Bareng padha mudhun saka prau,
para sekabat weruh ing kono ana mawa,
lan ana iwak tumumpang ing ndhuwuré;
kejaba kuwi uga ana roti.
10 Gusti Yésus nuli ngandika: "Nggawaa
iwak sawetara olèhmu njala mau!"
11 Simon Pétrus nuli marani prauné lan
nggèrèd jalané menyang dharatan. Jala
kuwi kebak iwak gedhé-gedhé. Kabèh
cacahé ana satus sèket telu iji; senajan
iwaké semono akèhé, jalané ora bedhah.
12 Gusti Yésus ngandika marang para
sekabat: "Mrénéa padha sarapan." Para

sekabat mau siji waé ora ana sing wani takon: "Panjenengan menika sinten?" Sebab padha ngerti yèn kuwi Gusti Yésus.
13 Gusti Yésus banjur mundhut roti mau, lan diparingaké marang para sekabat, semono uga iwaké.
14 Kuwi wis ping teluné enggoné Gusti Yésus ngetingal marang para sekabat, sawisé wungu saka ing séda.
15 Sawisé padha sarapan, Gusti Yésus nuli ndangu marang Simon Pétrus: "Simon, anaké Yohanes, apa katresnanmu marang Aku ngungkuli katresnanmu marang wong-wong iki?" Wangsulané Pétrus: "Inggih Gusti, Gusti pirsa kawula tresna dhateng Panjenengan." Pangandikané Gusti Yésus: "Cempé-cempé-Ku padha engonen!"
16 Gusti Yésus ndangu sing kaping pindhoné: "Simon, anaké Yohanes, apa kowé tresna karo Aku?" Wangsulané Pétrus: "Inggih Gusti, Panjenengan pirsa bilih kawula tresna dhateng Panjenengan." Dhawuhé Gusti Yésus: "Wedhus-wedhus-Ku padha engonen!"

17 Gusti Yésus ndangu menèh marang
Pétrus sing ping teluné: "Simon,
anaké Yohanes, apa kowé tresna
karo Aku?" Pétrus dadi sedhih, sebab
Gusti Yésus ndangu dhèwèké nganti
ping telu: "Apa kowé tresna karo
Aku?" Pétrus banjur matur menèh:
"Gusti, Panjenengan pirsa samukawis.
Gusti inggih pirsa, bilih kawula tresna
dhateng Panjenengan." Gusti Yésus nuli
ngandika: "Wedhus-wedhus-Ku padha
engonen!"
18 Kowé Dakkandhani ing satemené:
"Nalika kowé isih enom, kowé nganggo
klambi dhéwé, lan lunga menyang
endi waé sing kokkarepaké. Nanging
samangsa wis tuwa, kowé bakal
ngulungaké tanganmu, lan wong liya
sing bakal nglambèni kowé, lan nuntun
kowé menyang panggonan sing ora
kokkarepaké."
19 (Pangandikané Gusti Yésus sing
mengkono mau nedahaké bab enggoné
Pétrus mbésuk bakal mati kagem
kaluhurané Gusti Allah.) Sawisé kuwi
Gusti Yésus nuli ngandika marang
Pétrus: "Mèlua Aku."

20 Bareng Pétrus nolèh, weruh
sekabat sing dikasihi déning Gusti
Yésus, uga mèlu. (Kuwi sekabat sing
linggih jèjèr karo Gusti Yésus nalika
dhahar, lan nyuwun pirsa marang Gusti
Yésus: "Gusti, sinten ingkang badhé
ngulungaken Panjenengan?")
21 Bareng Pétrus weruh sekabat
sing mèlu mau, Pétrus nuli matur
marang Gusti Yésus: "Gusti, kadospundi
menggah tiyang menika?"
22 Pangandikané Gusti Yésus: "Saupama
Dakkersakaké supaya wong kuwi urip
nganti sateka-Ku, kuwi rak dudu
prekaramu. Nanging kowé, mèlua Aku!"
23 Mulané nuli dikabaraké ana ing
kalanganè para sekabaté Gusti Yésus,
yèn sekabat kuwi mau ora bakal ngalami
mati. Nanging satemené Gusti Yésus
ora ngandika mengkono; pangandikané
satemené: "Saupama Dakkersakaké
supaya wong kuwi tetep urip nganti
sateka-Ku, kuwi rak dudu prekaramu!"
24 Iya sekabat sing ngetutaké Pétrus
lan Gusti Yésus mau sing neksèni lan
wis nulis bab iki kabèh. Lan kita padha
weruh yèn paseksiné kuwi nyata.

25 Isih akèh menèh prekara-prekara
sing ditindakaké déning Gusti Yésus.
Saupama kabèh mau ditulis siji-siji,
dakkira jagad iki ora amot kanggo
madhahi buku-buku sing ditulis mau.

Kisah Para Rasul

1 [1] Sedulurku Téofilus kang kinasih.
Ing layangku sing kapisan, aku wis
nyaritakaké pakaryan lan piwulangé
Gusti Yésus, saka wiwitan mula,
[2] nganti tekan Panjenenganè mékrad
menyang swarga. Sadurungé mékrad,
lantaran pangwasané Sang Roh Suci,
Gusti Yésus paring pitedah marang para
rasul sing wis kapilih.
[3] Sawisé wungu saka séda, Gusti Yésus
bola-bali ngetingal marang para rasul
sajroné patang puluh dina, minangka
bukti, yèn Panjenenganè gesang. Para
rasul padha ndeleng Gusti Yésus, lan
padha dingandikani bab Kratoné Gusti
Allah.
[4] Nalika para rasul lagi padha ngumpul
bebarengan, Gusti Yésus paring dhawuh
marang para rasul mau, mengkéné:
"Kowé aja padha lunga saka kutha
Yérusalèm, nanging ngentènana
kebabaring janjiné Rama-Ku, kaya sing
wis Dakkandhakaké marang kowé.

5 Sebab Nabi Yohanes mbaptis kowé
nganggo banyu, nanging sawetara dina
menèh kowé bakal padha kabaptis
nganggo Roh Suci."
6 Nalika para rasul lagi padha kumpul
karo Gusti Yésus, banjur padha nyuwun
pirsa marang Panjenengané: "Gusti,
menapa ing samenika Kratonipun Israèl
badhé Panjenengan pulihaken?"
7 Pangandikané Gusti Yésus: "Mbésuk
jaman apa lan kapan, kuwi ditemtokaké
déning Sang Rama piyambak, manut ing
sakeparenging kersané. Kowé padha ora
prelu nyumurupi.
8 Nanging kowé bakal padha diparingi
kasektèn, yakuwi samasa Sang Roh
Suci wis nedhaki kowé, ateges kowé wis
dikwasani déning Panjenengané. Lan
kowé bakal padha dadi seksi-Ku ana
ing kutha Yérusalèm, ing tanah Yudéa
kabèh lan ing tanah Samaria, malah ing
salumahing bumi."
9 Sawisé ngandika mengkono, Gusti
Yésus nuli mékrad menyang swarga.
Para rasul padha neksèni mau, nganti
Panjenengané ora ketingal, merga
kaaling-alingan méga.

10 Nalika lagi padha ngawasaké enggoné
mékrad mau, dumadakan ana priya
loro ngadeg ana ing jèjèré, nganggo
sandhangan putih.
11 Priya mau padha ngandika: "Kowé,
wong-wong Galiléa, yagéné padha
ngadeg ana ing kéné tumenga ing langit?
Gusti Yésus sing kokdeleng mékrad
menyang swarga, bakal rawuh menèh,
patrapé iya kaya sing kokdeleng kuwi."
12 Para rasul banjur padha bali saka
ing Gunung Zaitun menyang kutha
Yérusalèm. Gunung Zaitun mono
dohé saka kutha Yérusalèm kira-kira
sekilometer.
13 Satekané ing kutha Yérusalèm,
banjur padha munggah, ing lotènging
omah sing dipondhoki. Para rasul mau
yakuwi: Pétrus, lan Yohanes, Yakobus lan
Andréas, Filipus lan Tomas, Bartoloméus
lan Matius, Yakobus anaké Alféus, lan
Simon wong Zélot, sarta Yudas anaké
Yakobus.
14 Para rasul mau arep nganakaké
kumpulan pandonga bebarengan karo
para wong wadon, lan karo Maryam,
kang ibu, sarta sedhèrèk-sedhèrèké
Gusti Yésus.

15 Let sawetara dina nalika lagi padha
ngumpul, cacahé kabèh wetara wong
satus rong puluh, Pétrus nuli ngadeg lan
muni mengkéné:
16 "Para sedulur! Surasané Kitab sing
diwangsitaké déning Sang Roh Suci
lumantar Sang Prabu Dawud kudu
kaleksanan, yakuwi bab Yudas, sing
ngirid wong-wong sing padha nyekel
Gusti Yésus.
17 Yudas kuwi panunggalan kita,
sebab Yudas mau wis kepilih déning
Gusti Yésus, supaya mèlu nindakaké
pegawéan sing kita ayahi."
18 Srana dhuwit opahé pialané mau,
Yudas tuku palemahan. Ana ing kono
Yudas mati, tiba saka enggoné nglalu,
bedhah wetengé, nganti mbrodhol
ususé.
19 (Wong sa-Yérusalèm padha ngerti
kabèh. Mulané palemahan mau disebut
'Akeldama', sing tegesé 'Palemahan
Getih'.)
20 Pétrus nerusaké tembungé: "Sebab
ing Kitab Masmur ana tulisan mengkéné:
'Pémahanipun dadosa suwung, sampun
ngantos wonten ingkang ngenggèni.'

Sarta katulis uga mengkéné: ‘Supados
tiyang sanès nggentosi pedamelanipun.’
21 Mulané saiki, kudu ana wong siji
sing katambahaké dadi rasul, sing mèlu
dadi seksi mungguh wunguné Gusti
Yésus. Wong mau kudu dipilih saka ing
antarané wong-wong sing wiwit-wiwitan
tetunggalan karo kita, selawasé kita
padha tansah ndhèrèkaké tindaké Gusti
Yésus;
22 yakuwi wiwit jamané Nabi Yohanes
mbaptis wong, nganti tekan mékradé
menyang swarga."
23 Wong-wong sing padha kumpulan
mau ngusulaké wong loro, yakuwi Yusuf,
sing karan Barsabas (uga disebut:
Yustus), lan Matias.
24 Sing padha kumpulan mau banjur
padha ndedonga, aturé: "Gusti,
Paduka pirsa manahipun manungsa
sedaya. Pramila, mugi Paduka kersa
nedahaken dhateng kawula sedaya,
saking antawisipun tiyang kalih menika
pundi ingkang Paduka pilih,
25 supados nglenggahi kalenggahan
rasul, ingkang katilar déning Yudas,
margi tiyang menika késah dhateng

papan ingkang kacadhangaken kanggé
piyambakipun."
26 Calon loro mau nuli diundhi; déné
sing ketiban undhi yakuwi Matias. Matias
nuli ditetepaké dadi rasul, nggenepi para
rasul sewelas mau.

2 1 Ing dina Riaya Péntakosta
nalika wong precaya kabèh padha
nglumpuk,
2 dumadakan ana swara saka ing
langit, kaya gumrubuging angin gedhé.
Swara mau ngebaki omah sing dienggo
kumpulan.
3 Wong-wong mau nuli padha weruh
rerupan kaya urubing geni ilat-ilatan,
méncok ing saben wong sing ana ing
kono.
4 Wong kabèh mau nuli padha
kapenuhan ing Roh Suci, sarta banjur
padha wiwit guneman nganggo basa sing
béda-béda, manut apa sing dikersakaké
déning Sang Roh Suci.
5 Nalika semana ing Yérusalèm ana
wong-wong Yahudi, wong-wong mursid,
sing teka saka negara ngendi-endi, ing
salumahing bumi.
6 Bareng wong-wong kuwi padha
krungu swara mau nuli padha gumrudug

marani panggonan kono. Wong-wong
padha gumun lan judheg, merga saben
wong krungu para rasul lan murid-murid
kuwi padha guneman nganggo basané
wong-wong sing padha teka mau.
7 Wong kabèh saking gumuné dadi
njenger, nuli padha muni: "Apa sing
padha guneman kuwi dudu wong
Galiléa?
8 Kepriyé déné kita kokpadha krungu
wong kuwi guneman nganggo basa kita
dhéwé-dhéwé?
9 Kita rak wong-wong saka: Partia,
Média, Élam, tanah Mésopotamia, Yudéa,
lan Kapadhokia, Pontus lan Asia,
10 Frigia lan Pamfilia, Mesir lan
wewengkoné tanah Libia, cedhak Kiréné,
wong-wong manca saka negara Rum,
11 ya wong Yahudi asli, ya wong sing
mlebu agama Yahudi, wong Kréta lan
wong Arab, kita kabèh padha krungu
wong-wong kuwi guneman nganggo
basa kita dhéwé-dhéwé, bab luhuring
pakaryané Gusti Allah."
12 Wong mau kabèh padha kaéraman
lan bingung, sing siji takon marang
sijiné: "Gèk apa iki tegesé?"

13 Nanging ana uga wong sing moyoki wong-wong mau, uniné: "Wong kuwi rak padha mendem!"

14 Rasul Pétrus nuli ngadeg, semono uga kancané rasul sewelas. Klawan swara sora Rasul Pétrus banjur kandha ana ing ngarepé wong kabèh mau, mengkéné: "Para sedhèrèk kula bangsa Yahudi, lan para sedhèrèk sedaya ingkang manggèn ing kitha Yérusalèm, kula aturi mirengaken atur kula, supados prekawis menika dados cetha tumrap panjenengan sedaya.

15 Tiyang-tiyang menika sanès tiyang mendem, kados panginten panjenengan, sebab samenika rak saweg jam sanga énjing.

16 Prekawis menika rak ingkang sampun kaweca déning Nabi Yoèl:

17 Pangandikané Gusti Allah, ‘Iki sing bakal Daktindakaké ing dina wekasan, Aku bakal maringaké Roh-Ku marang manungsa kabèh. Anakmu lanang lan wadon bakal padha nerangaké kersané Gusti Allah. Para nom-nomanmu bakal padha tampa wahyu, lan wong-wong tuwamu bakal padha olèh impèn.

18 Ing dina kuwi dalah para abdimu sing asor dhéwé, lanang lan wadon, bakal Dakparingi Roh-Ku, lan bakal padha nerangaké kersa-Ku.

19 Aku bakal nganakaké mujijat-mujijat ana ing langit ndhuwur, lan prekara-prekara sing nggumunaké ana ing bumi ngisor. Ing kono bakal ana getih, geni lan kukus kumelun.

20 Srengéngé bakal malih dadi peteng, sarta rembulan bakal dadi abang kaya getih, sadurungé tekan Dinané Pangéran sing agung lan luhur.

21 Ing mangsa kuwi saben wong sing nyebut asmané Pangéran bakal tampa pitulungan.’

22 Para sedhèrèk kula Israèl! Kula aturi mirengaken tembung kula menika, inggih menika bab Gusti Yésus saking Nasarèt. Panjenenganipun menika Tiyang ingkang kautus déning Gusti Allah. Prekawis menika sampun panjenengan sipati sedaya srana mujijat-mujijat, kaélokan-kaélokan, sarta pretandha-pretandha ingkang dipun wujudi déning Gusti Allah lumantar Gusti Yésus. Panjenengan piyambak sampun sami mangertos prekawis

wau, awit sedaya wau kelampahanipun
wonten ing antawis panjenengan ngriki.
23 Manut kersa lan kawicaksananipun
piyambak Gusti Allah sampun
ngulungaken Gusti Yésus dhateng
panjenengan sedaya. Gusti Yésus
sampun panjenengan sédani, srana
kasalib, lantaran tanganipun tiyang-
tiyang dosa ingkang sami nyalib
Panjenenganipun.
24 Nanging sukur, déné Gusti Allah
sampun mungokaken Gusti Yésus
wau saking séda, sarta ngluwari
Panjenenganipun saking sangsarané
pejah, awit pejah mboten badhé ngwaosi
Panjenenganipun.
25 Sang Prabu Dawud sampun ngandika
bab Panjenenganipun mekaten: ‘Aku
selawasé ana ing ngarsané Gusti
Allah; Panjenengané jumeneng ana ing
tengenku, mulané aku ora wedi.
26 Merga saka kuwi atiku seneng
tembungku kebak kabungahan; lan
tekan badanku pisan duwé pengarep-
arep sing mantep.
27 Sebab Paduka mboten badhé
nilar kawula ing padununganipun
tiyang pejah, sarta mboten négakaken

abdi Paduka ingkang setya, ngalami karisakan.

28 Paduka sampun nedahaken margi dhateng kawula, ingkang nuntun dhateng gesang; lan manah kawula kebak kabingahan, awit Paduka wonten sacelak kawula.’

29 Para sedhèrèk sedaya! Keparenga kula criyos sawontenipun bab leluhur kita Sang Prabu Dawud. Panjenenganipun séda sarta kasarèkaken, lan pasaréanipun sepriki taksih wonten ing antawis kita.

30 Sang Prabu Dawud menika inggih nabi, lan pirsa bab prejanjinipun Gusti Allah dhateng panjenenganipun ingkang kaparingaken kalayan supaos, bilih Gusti Allah badhé njumenengaken salah setunggaling turunipun dados ratu ingkang sekti, kados Sang Prabu Dawud piyambak.

31 Sang Prabu Dawud wau pirsa, menapa ingkang badhé katindakaken déning Gusti Allah. Mila panjenenganipun saged meca bab wungunipun Sang Kristus, nalika ngandika: ‘Panjenengané ora bakal katégakaké ana ing

padunungané wong mati; lan sarirané
ora ditégakaké dadi rusak.’
32 Inggih Gusti Yésus menika ingkang
dipun wungokaken Gusti Allah saking
séda. Déné kula sedaya menika sami
dados seksinipun bab prekawis wau.
33 Gusti Yésus samenika sampun
mékrad dhateng swarga, sarta lenggah
wonten ing tengenipun Gusti Allah,
saha sampun nampèni Roh Suci
saking Gusti Allah, kados ingkang
sampun dados janjinipun. Roh Suci
menika inggih sampun kaparingaken
dhateng kula sedaya. Lan menapa
ingkang sami panjenengan tingali lan
panjenengan pireng, menika mboten
sanès pedamelanipun Roh Suci menika
piyambak.
34 Sebab Sang Prabu Dawud piyambak
mboten mékrad dhateng swarga,
panjenenganipun namung ngandika:
‘Pangéran wis ngandika marang Gustiku:
35 lungguha ing kéné, ing tengen-
Ku, nganti mungsuh-Mu kabèh wis
Dakdadèkaké ancik-anciking tlapakan-
Mu!’
36 Awit saking menika tiyang Israèl
sedaya kedah mangertos kanthi yakin,

bilih inggih Yésus ingkang panjenengan
salib menika ingkang déning Gusti Allah
sampun kajumenenengaken Gusti lan
Mèsias."
37 Bareng wong akèh krungu ketrangan
sing mengkono mau, atiné trenyuh
banget. Nuli padha matur marang Rasul
Pétrus lan para rasul liyané: "Para
sedhèrèk, menawi mekaten menapa
ingkang kedah kula lampahi?"
38 Wangsulané Rasul Pétrus:
"Panjenengan kula aturi sami mratobat,
lan nyuwuna dipun baptis ing asmanipun
Gusti Yésus Kristus, temah panjenengan
badhé tampi pangapuntening dosa; lan
tampi peparingipun Gusti Allah, inggih
menika Sang Roh Suci.
39 Sebab ingkang kaparingan prejanji
menika panjenengan lan anak-anak
panjenengan, sarta sedaya tiyang sanès
Yahudi, ingkang dipun timbali déning
Pangéran Allah kita."
40 Kaya mengkono Rasul Pétrus
enggoné akon wong-wong mau, apa
déné enggoné ngatag-atag kanthi
temen-temen, tembungé: "Sami
milujengna gesang panjenengan saking

paukuman, ingkang badhé ndhatengi
tiyang-tiyang awon menika!"
41 Akèh wong sing padha precaya
marang pangandikané Rasul Pétrus mau,
sarta dibaptis. Ing dina kuwi wong sing
precaya tambah telung èwu jiwa.
42 Wong-wong mau padha sregep
nyinau piwulangé para rasul, mlebu
dadi warganing pasamuwan lan kembul
bujana sarta mèlu kumpulan pandonga.
43 Akèh mujijat lan kaélokan sing
ditindakaké déning para rasul, mulané
saben wong padha wedi lan ngajèni
banget.
44 Para wong precaya mau padha lestari
enggoné manunggal. Apa sing diduwèni
dianggep dadi duwèké wong akèh.
45 Ana sing padha ngedoli barang-
barang sing diduwèni, lan pepayoné
diedum-edum marang wong-wong
miturut kebutuhané.
46 Wong-wong mau saben dina padha
ajeg ngumpul kaya déné masamuwan
ana ing Pedalemané Allah; padha kembul
bujana ana ing omahé para warga,
giliran. Apa sing disuguhaké dipangan
klawan bungah lan éklasing ati,

47 sarta padha memuji marang Gusti Allah. Wong-wong mau padha kajèn lan disenengi déning masarakat. Saben dina cacahing wong sing padha dislametaké déning Gusti Allah mundhak-mundhak.

3 1 Ing sawijining dina jam telu awan ngarepaké wektu sembahyang, Rasul Pétrus lan Rasul Yohanes padha menyang Pedalemané Allah.

2 Ing sacedhaké gapuraning Pedalemané Allah, sing karan "Gapura Éndah," ana wong lumpuh wiwit lair mula. Wong lumpuh mau saben dina digéndhong lan dipapanaké ana ing sacedhaké gapura mau, supaya bisa ngemis marang wong-wong sing padha mlebu ing Pedalemané Allah.

3 Bareng wong lumpuh mau weruh Rasul Pétrus lan Rasul Yohanes arep mlebu Pedalemané Allah, banjur nyuwun sedhekah.

4 Rasul loro-loroné padha mandeng wong lumpuh mau lan Rasul Pétrus banjur ngandika: "Ngingetna aku!"

5 Wong lumpuh mau iya nuli ngawasaké Rasul Pétrus lan Rasul Yohanes, karo ngarep-arep bakal diparingi apa-apa.

6 Nanging Rasul Pétrus ngandika:
"Dhuwit aku ora duwé, nanging apa sing
dakduwèni iki dakwènèhaké marang
kowé: Atas asmané Gusti Yésus Kristus
saka Nasarèt, mlakua!"
7 Pétrus nuli nyekel tangané tengen
wong lumpuh mau, nulungi enggoné
ngadeg. Sanalika sikilé lan poloké wong
mau dadi kukuh,
8 nuli ngadeg maknyat lan mlaku
mrana-mréné. Wong mau nuli ndhèrèk
para rasul mlebu ing Pedalemané
Allah karo lincak-lincak lan memuji,
ngluhuraké asmané Gusti Allah.
9 Wong akèh sing padha ana ing kono,
padha weruh wong mau mlaku lan
memuji asmané Gusti Allah,
10 lan uga ora pangling yèn wong mau
wong ngemis, sing adaté lungguh ana
ing "Gapura Éndah". Mulané wong kabèh
padha cingak lan kaéraman bab apa sing
wis kelakon ing ngatasé wong mau.
11 Sarèhning wong sing mentas
diwarasaké mau tansah ngetutaké
lakuné Rasul Pétrus lan Rasul Yohanes,
mulané wong akèh sing padha
kaéraman mau ngrubung para rasul

ana ing bangsal, sing disebut "Bangsal
Suléman".
12 Bareng Rasul Pétrus pirsa wong
akèh mau banjur ngandika mengkéné:
"Para sedhèrèk Israèl. Kénging
menapa panjenengan sami gumun
dhateng lelampahan menika lan ningali
kula kekalih, kados-kados ingkang
murugaken tiyang menika saged
mlampah, margi saking pangwaos utawi
kamursidan kula piyambak?
13 Allahipun Rama Abraham, Iskak
lan Yakub, inggih menika Allahipun
para leluhur kita, sampun ngluhuraken
Abdinipun, inggih menika Gusti Yésus.
Panjenengan sampun ngulungaken Gusti
Yésus wau dhateng para pangwasa, lan
nampik Panjenenganipun wonten ing
ngarsanipun Gubernur Pilatus, senajan
Gubernur Pilatus sampun mutus badhé
ngluwari Gusti Yésus wau.
14 Panjenenganipun menika Tiyang
ingkang suci lan leres, nanging sami
panjenengan tampik, sarta nyuwun
supados Pilatus ngluwari tiyang ingkang
damel pepejah.
15 Srana mekaten panjenengan sampun
mejahi Tiyang ingkang dados sumbering

ngagesang. Nanging Gusti Allah sampun nangèkaken Gusti Yésus saking séda, lan kula sakanca neksèni prekawis menika.
16 Inggih pangwaosing asmanipun Gusti Yésus menika ingkang ngiyataken tiyang lumpuh menika. Menapa ingkang panjenengan sipati lan panjenengan seksèni menika kelampahan ing salebeting kapitadosan dhateng asmanipun Gusti Yésus Kristus. Inggih kapitadosan menika ingkang njalari sarasipun tiyang lumpuh menika kados ingkang panjenengan tingali samangké.
17 Para sedhèrèk, kula mangertos, bilih enggèn panjenengan lan para pengageng panjenengan tumindak mekaten menika margi saking kiranging pangertosan.
18 Nanging srana mekaten sampun kelampahan menapa ingkang dipun ngandikakaken déning Gusti Allah kala rumiyin lantaran para nabi, bilih Sang Kristus kedah nglampahi sangsara.
19 Pramila sami mratobata lan wangsula dhateng Gusti Allah, supados angsal pangapuntening dosa panjenengan,
20 lan Pangéran lajeng badhé nyegeraken nyawa panjenengan, tuwin

ngutus Gusti Yésus, ingkang sampun
katemtokaken dados Juru Wilujeng
panjenengan.
21 Panjenenganipun samenika
kakersakaken wonten ing swarga
ngantos dumugi ing wekdalipun
samukawis kadadosaken énggal, kados
ingkang sampun dipun ngandikakaken
déning Gusti Allah lantaran para
nabinipun.
22 Sebab Nabi Musa sampun ngandika:
‘Pangéran Allahmu bakal ngutus Nabi
marang kowé, saka ing panunggalanmu
dhéwé, kaya enggoné ngutus aku. Kowé
padha ngrungokna sakèhing prekara
sing didhawuhaké marang kowé.
23 Sebab sing sapa ora ngrungokaké
pangandikané Nabi mau, bakal dianggep
dudu umaté Gusti Allah, lan ditumpes.’
24 Para nabi sedaya ingkang sampun
sami medharaken kersanipun Gusti
Allah, wiwit Nabi Samuèl lan para nabi
sapengkeripun, ugi sampun sami meca
bab jaman samangké.
25 Prejanji-prejanjinipun Gusti Allah
lantaran para nabi wau sedaya kanggé
panjenengan. Mila panjenengan tumut
kawengku ing prasetyanipun Gusti Allah

dhateng para leluhur panjenengan,
inggih menika prejanjinipun Gusti
Allah dhateng Rama Abraham: ‘Merga
saka turunmu sakèhing bangsa ing
salumahing bumi bakal kaberkahan.’
26 Kados mekaten Gusti Allah sampun
milih lan ngutus Abdinipun, supados
ngrawuhi panjenengan rumiyin,
mberkahi panjenengan lan nuntun
panjenengan sedaya supados nilar
margining piawon ingkang panjenengan
ambah."

4 1 Nalika Rasul Pétrus lan Rasul
Yohanes isih padha ngandikani wong
akèh mau, dumadakan ditekani déning
para imam, penggedhéné sing jaga
Pedalemané Allah, lan wong Saduki.
2 Wong-wong kuwi padha nepsu, sebab
para rasul padha mulang wong akèh,
yèn Gusti Yésus wis wungu saka ing
séda. Srana mengkono mbuktèkaké yèn
wong mati bakal katangèkaké.
3 Rasul loro mau nuli dicekel lan ditahan
ana ing pakunjaran nganti dina ésuké,
merga nalika semana wis soré.
4 Nanging wong-wong sing padha
ngrungokaké piwulangé para rasul mau
akèh sing padha precaya, nganti cacahé

wong lanang sing precaya mundhak dadi
kira-kira limang èwunan.
5 Ésuké para pengarepé wong Yahudi,
para pinituwa lan para ahli Torèt padha
ngumpul ana ing kutha Yérusalèm.
6 Padha nganakaké pirembugan karo
Imam Agung Anas lan Kayafas, Yohanes
lan Alèksander, sarta wong kabèh, sing
kagolong kulawargané Imam Agung.
7 Para rasul mau didhawuhi ngadhep,
nuli ditakoni: "Kepriyé enggonmu
marasaké wong lumpuh wingi kaé? Kowé
padha olèh pangwasa saka endi lan atas
saka jenengé sapa?"
8 Rasul Pétrus kapenuhan ing Sang Roh
Suci, nuli matur: "Para pemimpin tuwin
para pinisepuh, ingkang kula urmati.
9 Sarèhning kula samenika sami dipun
priksa bab pendamel saé ingkang
sampun kula tindakaken dhateng tiyang
lumpuh menika, sarta panjenengan
sami kepéngin pirsa kadospundi
kelampahanipun.
10 Mila mugi ndadosna ing pamirsa
panjenengan lan umat Israèl sedaya,
bilih tiyang ingkang wonten ing ngarsa
panjenengan menika kasarasaken, margi
saking pangwaosipun Gusti Yésus saking

Nasarèt ingkang sampun panjenengan
salib, ingkang sampun kawungokaken
saking séda déning Gusti Allah.
11 Inggih Gusti Yésus menika ingkang
kasebut ing Kitab Suci, mekaten: ‘Watu
sing ditampik déning para ahli gawé
omah, malah dadi watu sing gedhé
dhéwé gunané.’
12 Kawilujengan menika dhatengipun
namung saking Gusti Yésus, lan
mboten saking tiyang sanès. Sebab
ing sakurebing langit menika mboten
wonten asma sanèsipun ingkang dipun
paringaken déning Gusti Allah dhateng
manungsa, ingkang dados mergining
kawilujengan kita."
13 Para warganing Pradata Agama
padha gumun marang kekendelané
Rasul Pétrus lan Rasul Yohanes, apa
menèh padha ngerti yèn para rasul kuwi
wong lumrah lan dudu wong weton
sekolahan dhuwur. Wong-wong mau nuli
padha kèlingan yèn rasul-rasul mau tau
ndhèrèk Gusti Yésus.
14 Nanging para wargané Pradata mau
padha ora bisa muni apa-apa, jalaran
padha weruh wong sing diwarasaké kuwi
ngadeg ana ing sandhingé para rasul.

15 Mulané Pradata banjur akon rasul-
rasul mau metu saka kamar. Pradata
banjur nganakaké pirembugan dhéwé,
16 tembungé: "Tiyang-tiyang menika
badhé kita menapakaken? Saben tiyang
ingkang manggèn wonten ing kitha
Yérusalèm sampun mangertos, bilih
tiyang kalih menika sampun damel
mujijat ingkang ageng. Prekawis menika
mboten saged kita bantah.
17 Nanging supados prekawis menika
mboten saya kawentar, prayogi
menawi tiyang-tiyang wau kita ancam
kémawon, supados sampun pisan-pisan
nyariyosaken dhateng sinten kémawon
bab Yésus."
18 Rasul loro-loroné nuli dikon mlebu
menèh, lan diancam supaya aja pisan-
pisan nyebut utawa memulang bab Gusti
Yésus.
19 Nanging Rasul Pétrus lan Rasul
Yohanes mangsuli: "Panjenengan kula
aturi nggalih piyambak, pundi ingkang
leres wonten ing ngarsanipun Gusti
Allah, nuruti dhawuh panjenengan,
menapa manut dhateng dhawuhipun
Gusti Allah.

20 Sebab kula sami mboten saged mèndel nyariyosaken prekawis ingkang sampun kula tingali lan kula pireng piyambak."
21 Pradata ora bisa nemokaké prekara sing kena dienggo alasan ngukum Rasul Pétrus lan Rasul Yohanes, mulané saya banget olèhé ngancam. Éwadéné para rasul nuli diluwari, sebab wong kabèh padha memuji asmané Gusti Allah merga lelakon mau.
22 Awit wong sing diwarasaké srana mujijat kuwi umuré wis patang puluh taun luwih.
23 Sawisé diluwari, Rasul Pétrus lan Rasul Yohanes nuli énggal-énggal bali marani kanca-kancané lan nyritakaké apa sing dikandhakaké déning para pengareping imam lan para pinituwa.
24 Bareng krungu critané para rasul mau, wong kabèh nuli padha bebarengan matur marang Gusti Allah mengkéné: "Dhuh Allah ingkang nitahaken langit lan bumi, seganten lan saisinipun sedaya,
25 srana Roh Suci Paduka sampun ngandika lantaran abdi Paduka Sang Prabu Dawud, leluhur kawula mekaten: ‛Yagéné wong sing ora wanuh marang

Gusti Allah padha nepsu, ngengancam,
yagéné para bangsa padha ngrancang
nindakaké sing tanpa guna?
26 Para raja ing donya padha tata-tata
arep perang, lan para pangwasa
padha nglumpuk arep nglawan marang
Pangéran lan Sang Kristus.'
27 Awit Sang Prabu Hérodès lan
Gubernur Pontius Pilatus pancèn sampun
sarembag kaliyan tiyang kapir lan
tiyang-tiyang Israèl wonten ing kitha
ngriki sumedya nglawan dhateng Gusti
Yésus, Abdi Paduka ingkang setya,
ingkang sampun Paduka wisudha dados
Sang Mèsias.
28 Anggènipun sami nglempak wau
margi badhé nindakaken samukawis
ingkang wiwit-wiwitan mila sampun
Paduka temtokaken kanthi pangwasa,
miturut ing kersa Paduka piyambak.
29 Déné samenika, dhuh Pangéran,
mugi Paduka kersa nguningani
pangancamipun tiyang-tiyang menika
dhateng kawula sedaya, lan para
abdi Paduka mugi sami kaparingana
kekendelan salebetipun sami martosaken
Injil Paduka.

30 Mugi Paduka kersa ngguluraken asta
Paduka kanggé nyarasaken sesakit, lan
keparenga kawula sami nindakaken
kaélokan-kaélokan tuwin mujijat-mujijat
krana asmanipun Gusti Yésus, Abdi
Paduka ingkang suci menika."
31 Sawisé rampung enggoné ndedonga,
panggonan sing kanggo ngumpul mau
horeg. Wong-wong mau nuli padha
kapenuhan ing Roh Suci sarta padha
ngabaraké Injil klawan kendel.
32 Kabèh sing padha precaya mau padha
rukun nunggal ati lan pikiran. Ora ana
wong sing nganggep barang-darbèké
kuwi duwèké dhéwé, nanging apa
saduwèké diduwèni bebarengan.
33 Para rasul padha awèh paseksi
klawan pangwasa gedhé bab wunguné
Gusti Yésus saka ing séda. Déné Gusti
Allah nglubèraké berkah marang wong
mau kabèh.
34 Ing pasamuwan mau ora ana wong
siji-sijia sing nandhang kekurangan,
merga wong sing padha duwé palemahan
lan omah, padha diedol,
35 pepayoné nuli dipasrahaké marang
para rasul. Dhuwité banjur diedum-
edum marang wong-wong sing padha

mbutuhaké, miturut gedhé ciliking
kebutuhané.
36 Semono uga Yusuf, sing déning
para rasul disebut Barnabas (tegesé
panglipur), wong Lèwi saka pulo Siprus,
37 ngedol pategalané. Déné dhuwit
pepayoné nuli dicaosaké marang para
rasul.

5 1 Ing pasamuwan kono ana wong
jenengé Ananias, lan bojoné jenengé
Safira. Ananias mau ngedol palemahané,
2 nanging sadurungé pepayoné mau
dipasrahaké marang para rasul, sing
sapérangan diunthet. Tindaké sing
mengkono mau kanthi sarujuké bojoné;
liyané dipasrahaké marang para rasul.
3 Nanging Rasul Pétrus ngandika:
"Ananias, atimu kokolèh dikwasani
déning Iblis, nganti kowé wani nggorohi
Sang Roh Suci, sarta ngunthet pepayoné
palemahanmu?
4 Sadurungé kokedol, palemahan
kuwi rak duwèkmu dhéwé, lan sawisé
kokedol, dhuwit pepayoné rak iya
duwèkmu dhéwé? Yagéné kowé kokduwé
pretingkah mengkono? Dudu manungsa
sing kokgorohi, nanging Gusti Allah!"

5 Bareng krungu pangandika mengkono
mau, Ananias terus ambruk, mati;
temah sakèhing wong sing krungu bab
lelakon kuwi padha wedi banget.
6 Para nonoman sing padha ana ing
kono nuli padha mlebu, ngupakara
layoné Ananias, nuli digotong metu sarta
dikubur.
7 Kira-kira telung jam menèh Safira
mlebu, nanging ora ngerti apa sing
mentas kelakon.
8 Rasul Pétrus nuli ngandika marang
Safira: "Kandhaa sing sabeneré.
Apa dhuwit semono kuwi wis kabèh
pepayoné palemahan sing padha
kokedol?" Wangsulané wong wadon
mau: "Inggih, èstu semanten!"
9 Pangandikané Rasul Pétrus: "Yagéné
kowé lan bojomu padha ayon nyoba
marang Rohé Pangéran? Wong-wong
sing mentas padha ngubur layoné
bojomu, saiki wis padha teka lan iya
arep nggotong kowé!"
10 Wong wadon mau sanalika ambruk,
mati ana ing ngarepé Rasul Pétrus. Para
nonoman nuli padha mlebu lan weruh
wong wadon mau wis mati. Layoné

nuli digotong metu sarta dikubur ing sandhingé sing lanang.
11 Wong sapasamuwan lan wong liyané kabèh sing krungu kedadéan mau padha banget wediné.
12 Akèh mujijat-mujijat lan kaélokan-kaélokan sing ditindakaké déning para rasul ing antarané wong akèh. Sakèhing wong sing padha precaya ngumpul ana ing ‘Bangsal Suléman’ ing Pedalemané Allah.
13 Wong sanjabané pasamuwan ora ana sing wani mèlu kumpulan, senajan wong kabèh padha éring marang pasamuwan mau.
14 Éwasemono saya akèh cacahé wong sing padha mlebu dadi wargané pasamuwan, yakuwi wong sepirang-pirang sing padha precaya marang Gusti Yésus.
15 Apa sing ditindakaké déning para rasul mau njalari wong lara padha digotong menyang dalan-dalan, disèlèhaké ana ing ambèn lan ana ing klasa, supaya yèn Rasul Pétrus liwat, saora-orané ana wong sawetara sing bisa ketiban ayang-ayangé.

16 Wong pirang-pirang saka ing kutha-
kutha sakubengé kutha Yérusalèm,
padha gumrudug teka, nggawa wong
sing padha lara utawa sing padha
kesurupan. Wong lara mau kabèh padha
diwarasaké déning para rasul.
17 Iku mau kabèh njalari Imam Agung
lan kanca-kancané, wargané golongan
Saduki, padha mèri banget marang para
rasul; mulané banjur padha tumandang.
18 Para rasul nuli padha dicekel lan
ditahan ana ing pakunjaran umum.
19 Nanging bengi kuwi uga ana
Malaékating Pangéran sing mbukak
lawang-lawanging pakunjaran, sarta
ngirid para rasul metu saka ing kono.
Malaékat mau ngandika marang para
rasul:
20 "Padha lungaa lan ngadega ana ing
Pedalemané Allah, lan wulangna marang
masarakat samubarang sing magepokan
karo urip anyar."
21 Para rasul padha ngèstokaké dhawuh
mau, lan nalika isih ésuk umun-umun
wis padha mlebu ing Pedalemané Allah
lan wiwit memulang. Imam Agung
lan kanca-kancané nuli nglumpukaké
sakèhing para pinituwané bangsa Yahudi

kabèh, diajak nganakaké parepatan
Pradataning Agama. Pradataning Agama
nuli utusan ngetokaké para rasul saka
ing pakunjaran, supaya disowanaké.
22 Nanging bareng para utusan tekan
pakunjaran, para rasul ora ana. Banjur
padha bali ngaturi pirsa marang
Pradataning Agama,
23 aturé: "Nalika kula sami dumugi ing
pakunjaran, sedaya kori pinanggih taksih
kancingan rapet, sedaya tiyang jagi
taksih pepak wonten ing papan penjagèn
ing ngajenging kori. Nanging sareng
korinipun kula bikak, ing nglebet mboten
wonten tiyangipun setunggal-tunggala!"
24 Bareng perwira pengawal Pedalemané
Allah sarta para pengareping imam
padha krungu pelapuran mengkono
mau, nuli padha dheleg-dheleg, nggagas
anané lelakon sing dialami déning para
rasul ing pakunjaran mau.
25 Nanging ora wetara suwé banjur ana
wong mlebu ing parepatan, sarta matur
marang Pradata Agama: "Ndadosna ing
pamirsa, bilih tiyang-tiyang ingkang
sampun panjenengan lebetaken ing
pakunjaran menika, samenika sami

wonten ing Pedalemanipun Allah, sarta
memulang dhateng tiyang kathah."
26 Perwira pengawal Pedalemané Allah
karo pendhèrèké nuli metu lan ora
wetara suwé mlebu menèh ngirid para
rasul. Enggoné nyekel para rasul mau
patrapé ora kasar, awit padha wedi
dibenturi watu déning wong akèh.
27 Para rasul nuli digawa mlebu ngadhep
marang Pradata Agama. Imam Agung
banjur ngandika:
28 "Kowé rak wis padha dakwanti-wanti
ora kena memulang bab Wong kuwi.
Nanging nyatané apa sing koktindakaké?
Kowé wis nyebar piwulang nyrambahi
sakutha Yérusalèm kabèh, lan kowé arep
nempuhaké getihé Wong kuwi ana ing
aku."
29 Rasul Pétrus lan rasul sijiné mangsuli:
"Kita kedah langkung mbangun-turut
dhateng Gusti Allah ketimbang dhateng
manungsa.
30 Allahipun leluhur kita sampun
nangèkaken Gusti Yésus, sasampunipun
panjenengan sédani, srana kapenthang
ing kajeng salib.
31 Inggih Gusti Yésus menika ingkang
sampun sinengkakaken ing ngaluhur

déning Gusti Allah piyambak, tuwin
kaparingan pangwasa, kadadosaken
Panuntun sarta Juru Wilujeng, supados
bangsa Israèl angsal wewengan
mratobat saha angsal pangapuntening
dosa.
32 Tumrap prekawis menika sedaya,
kula sami dados seksinipun; inggih
kula sarta Sang Roh Suci, ingkang
kaparingaken dhateng sedaya tiyang
ingkang mbangun-turut dhateng
Panjenenganipun."
33 Bareng para warganing Pradata
Agama krungu wangsulan mengkono
mau, nuli padha nepsu banget; lan
saking nepsuné nganti para rasul arep
dipatèni.
34 Nanging ana sawijining wong Farisi,
jenengé Gamalièl, ahli Torèt, sing kajèn
banget ana ing masarakat. Gamalièl
mau nuli ngadeg lan njaluk supaya para
rasul padha didhawuhi metu sedhéla.
35 Gamalièl banjur kandha: "Para
sedhèrèk Israèl. Kula aturi ngatos-
atos tumrap menapa ingkang badhé
panjenengan tindakaken dhateng
tiyang-tiyang menika.

36 Margi kala rumiyin inggih sampun naté jumedhul tiyang nama Téudhas, ingkang ngaken, bilih piyambakipun tiyang pinunjul lan gadhah penganut wetawis tiyang kawan atusan. Piyambakipun lajeng dipun pejahi, lan para penganutipun sedaya sami buyar, temahan gerakanipun Téudhas wau sirep.
37 Sesampunipun menika lajeng jumedhul Yudas saking tanah Galiléa; nalika semanten ngleresi wonten cacah jiwa. Kathah tiyang ingkang tumut dhateng pembrontakanipun. Piyambakipun ugi dipun pejahi lan sedaya penganutipun buyar.
38 Mekaten ugi samenika, tumrap prekawis menika, kula mrayogèkaken, supados panjenengan sampun ngantos nindakaken menapa-menapa dhateng tiyang-tiyang menika. Sampun dipun ganggu, sebab menawi ada-ada tuwin pendamelipun tiyang-tiyang menika asalipun saking manungsa, temtu badhé sirep piyambak.
39 Nanging menawi asalipun saking Gusti Allah, panjenengan temtu mboten saged ngawonaken tiyang-tiyang

menika. Sampun ngantos mangké panjenengan piyambak kepanggihipun malah nglawan dhateng Gusti Allah." Pradata Agama mau nurut marang pamrayogané Gamalièl.

40 Para rasul nuli ditimbali mlebu menèh. Sawisé dipecuti, nuli diwanti-wanti ora kena memulang atas Asmané Gusti Yésus. Sawisé mengkono para rasul nuli diluwari.

41 Mulané padha ninggal parepatané Pradata Agama klawan bungahing ati, déné Gusti Allah nganggep dhèwèké pantes nandhang wirang kagem Asmané Gusti Yésus.

42 Para rasul mau saben dina ajeg padha nerusaké enggoné memulang lan ngabaraké Injil ana ing Pedalemané Allah, lan ana ing omah-omah, sarta mratélakaké yèn Gusti Yésus kuwi Sang Mèsias.

6 1 Ora let suwé, bareng cacahé para muridé Gusti Yésus terus mundhak-mundhak, nuli ana padudon ing antarané wong-wong Yahudi sing basané Yunani, karo wong Yahudi sing basané Ibrani. Sing dadi jalarané padudon yakuwi bab pangeduming dhuwit sedina-dinané

marang para randha. Wong-wong
Yahudi sing basané Yunani kandha yèn
randha-randhané padha kapiran, merga
ora nampa panduman ing samesthiné.
2 Mulané para murid kabèh nuli
dikumpulaké déning para rasul rolas.
Nuli padha dipangandikani: "Ora
samesthiné menawa kita padha
nglirwakaké timbalan kita memulang
bab pangandikané Gusti Allah merga
ngurusi dhuwit.
3 Mulané para sedulur, padha miliha
ing antaramu wong pitu, sing kalok
wong becik, kapenuhan ing Roh Suci,
sarta wicaksana. Wong-wong kuwi bakal
padha daktugasaké ngurusi prekara
pangeduming dhuwit mau.
4 Déné kita para rasul arep migunakaké
wektu kanggo ndedonga lan martakaké
pangandikané Gusti Allah."
5 Wong sapasamuwan kabèh padha
rujuk karo usulé para rasul mau; mulané
nuli milih Stéfanus, wong sing gedhé
precayané lan kapenuhan déning Roh
Suci. Nuli uga milih: Filipus, Prokhorus,
Nikanor, Timon, Parménas lan Nikolaus,
tilas wong kapir saka Antiokia, sing
mlebu agama Yahudi.

6 Pasamuwan nuli ngajokaké wong pitu
mau ana ing ngarsané para rasul. Para
rasul nuli ndongakaké wong-wong mau
sarta padha ditumpangi tangan.
7 Kaya mengkono pangandikané Gusti
Allah tetep saya sumebar, lan cacahé
para murid ing Yérusalèm saya mundhak
akèh. Uga akèh imam-imam sing padha
precaya.
8 Stéfanus kuwi wong sing kalubèran
berkahing Pangéran lan diparingi
pangwasa nindakaké mujijat-mujijat
lan kaélokan-kaélokan ing satengahé
masarakat.
9 Nanging ana wong sawetara saka
ing tengahé masarakat Yahudi sing
nglawan marang Stéfanus, yakuwi
para wargané sinagogé (sinagogé:
pasamuwané wong sing nganut agama
Yahudi) aliran Libèrtini. Para wargané
pasamuwan Yahudi Libèrtini kuwi
asalé saka ing kutha Kiréné lan kutha
Alèksandria. Wong-wong Libèrtini mau
bebarengan karo wong Yahudi sawetara
saka Kilikia lan Asia padha bebantahan
karo Stéfanus.
10 Nanging Stéfanus kaparingan
kawicaksanan akèh déning Roh Suci,

nganti wong-wong mau padha ora bisa
ndhébat apa sing dikandhakaké.
11 Mulané wong-wong mau nuli mbeseli
wong sawetara, dikon muni mengkéné:
"Kula sami mireng tiyang menika
nyenyamah dhateng Nabi Musa lan
dhateng Gusti Allah!"
12 Srana patrap mengkono wong-wong
mau padha gawé gègèré masarakat,
semono uga pinituwa lan para ulama.
Stéfanus nuli dikroyok lan dicekel,
diladèkaké marang Pradataning Agama.
13 Ana wong sawetara sing diajokaké
dadi seksi palsu, sing padha matur:
"Tiyang menika wongsal-wangsul
nyenyamah dhateng Pedalemanipun
Allah lan dhateng Torètipun Nabi Musa.
14 Kula sami mireng tiyang
menika sanjang, bilih Yésus saking
Nasarèt menika badhé ngrebahaken
Pedalemanipun Allah menika, sarta
badhé nyantuni sedaya adat tata-cara,
ingkang sami kita tampi saking Nabi
Musa!"
15 Wong kabèh sing padha dadi
warganing Pradata Agama padha
ngawasaké Stéfanus lan padha weruh

praupané Stéfanus katon kaya pasuryané
malaékat.
7 1 Imam Agung nuli takon marang
Stéfanus: "Apa bener mengkono?"
2 Wangsulané Stéfanus: "Para sedhèrèk
lan para bapak sedaya! Kula aturi
mirengaken atur kula! Gusti Allah
ingkang Mahamulya, sampun ngetingal
dhateng leluhur kita Abraham,
nalika taksih manggèn wonten ing
tanah Mésopotamia, inggih menika
sadèrèngipun Rama Abraham wau
pindhah dhateng kitha Haran.
3 Gusti Allah ngandika dhateng Rama
Abraham: ‘Kowé lungaa, sedulur-
sedulurmu lan tanahmu tinggalen,
lungaa menyang tanah sing bakal
Daktuduhaké marang kowé.’
4 Rama Abraham nunten nilar tanah
Kasdim lan manggèn wonten ing kitha
Haran. Sasédanipun ingkang rama,
Rama Abraham nunten kadhawuhan
déning Gusti Allah pindhah saking
ngriku dhateng tanah ngriki, ingkang
panjenengan enggèni menika.
5 Nalika semanten Rama Abraham
mboten kaparingan siti déning Gusti
Allah, sapecak kémawon mboten.

Nanging Gusti Allah paring prejanji,
bilih tanah menika badhé kaparingaken
dhateng Rama Abraham, dados
gadhahanipun turun-tumurun, senajan
nalika kaparingan prejanji menika Rama
Abraham dèrèng kagungan putra.
6 Éwasemanten Gusti Allah ngandika
dhateng Rama Abraham mekaten:
‘Turunmu bakal padha manggon ana ing
negara manca lan dadi batur-tukon, sing
disiya-siya lawasé patang atus taun.
7 Nanging Aku bakal ngukum bangsa
sing dikawulani mau klawan adil. Sawisé
kuwi turunmu bakal padha metu saka
negara mau lan bakal padha ngabekti
marang Aku ana ing tanah kéné iki.’
8 Gusti Allah nunten maringaken
dhateng Rama Abraham prenatan tetak,
dados pratandhaning prejanjian. Mila
Rama Abraham netaki putranipun, Iskak,
seminggu sasampunipun lair. Rama Iskak
netaki Yakub, putranipun, mekaten ugi
Rama Yakub netaki putranipun, inggih
menika para leluhur kita kalihwelas.
9 Krana mèri, para leluhur kita sami
nyadé Yusuf dhateng negari Mesir,
kadadosaken réncang tumbasan.

Nanging Gusti Allah nganthi dhateng
Yusuf,
10 lan ngluwari piyambakipun saking
sakathahing rubéda ingkang dipun alami.
Nalika Yusuf marek ing ngarsanipun
Sang Prabu Pringon, ratu ing negari
Mesir, Gusti Allah maringi budi ingkang
luhur saha kawicaksanan dhateng
Yusuf, ngantos ratu Mesir wau ngangkat
Yusuf kadadosaken gubernur ing negari
Mesir sedaya sarta balé griyaning
kedhatonipun Sang Prabu Pringon
piyambak.
11 Nalika semanten lajeng wonten
pailan ingkang ndhatengaken kasisahan
ageng ing negari Mesir lan tanah Kenaan
sedaya. Para leluhur kita mboten sami
saged angsal tedha.
12 Mila sareng rama Yakub mireng,
bilih ing negari Mesir wonten gandum,
panjenenganipun nunten ngutus para
putranipun, inggih menika leluhur kita
nuwèni mrika. Menika késahipun ingkang
kapisan.
13 Nalika késah dhateng negari Mesir
ingkang kaping kalihipun Yusuf walèh
dhateng para sedhèrèkipun. Srana

mekaten Sang Prabu Pringon lajeng
pirsa sedhèrèk-sedhèrèkipun Yusuf.
14 Yusuf lajeng ngaturi Yakub,
ramanipun, pindhah kaliyan sedaya
brayatipun dhateng negari Mesir.
Cacahipun tiyang ingkang sami dhateng
Mesir sedaya wonten pitung dasa
gangsal.
15 Rama Yakub nunten pindhah
dhateng negari Mesir. Wonten ing ngriku
panjenenganipun séda, mekaten ugi
para leluhur kita.
16 Layonipun para leluhur wau
sami kabekta dhateng kitha Sikèm,
kasarèkaken wonten ing pesaréan,
ingkang sampun dipun tumbas mawi
arta slaka déning Rama Abraham saking
bangsa Hamor.
17 Sareng sampun mèh dumugi
wekdalipun Gusti Allah anggènipun
netepi prejanjinipun dhateng Rama
Abraham, cacahipun tiyang Israèl
ingkang wonten ing negari Mesir sampun
mindhak dados kathah.
18 Wusana wonten ratu sanès ingkang
ngerèh negari Mesir, ingkang mboten
ngertos dhateng Yusuf.

19 Ratu wau tumindak mboten jujur lan
siya-siya dhateng para leluhur kita. Para
leluhur dipun peksa mbucal bayi-bayi,
ingkang nembé lair dhateng sanjawining
griya, supados sami pejah.
20 Inggih kala semanten menika Nabi
Musa lair. Rupinipun bagus. Tigang
wulan laminipun Musa dipun rimati ing
griyaning tiyang sepuhipun,
21 sasampunipun menika piyambakipun
lajeng dipun bucal, wusana lajeng dipun
kukup déning putra putrinipun ratu
ing Mesir, karengkuh kados putranipun
piyambak.
22 Musa nunten dipun gulawenthah
saha dipun wucal ing bab sedaya
kesagedanipun tiyang Mesir.
Panjenenganipun dados tiyang
ingkang ageng kawibawanipun, dadosa
tumraping tembung, dadosa tumraping
tumindakipun.
23 Sareng Musa umur kawan dasa
taun kepéngin nuwèni para kadangipun,
tiyang Israèl.
24 Ing ngriku Musa sumerep wonten
tiyang Israèl dipun aniaya déning
tiyang Mesir. Musa mbélani tiyang Israèl

wau, lan tiyangipun Mesir dipun wales,
ngantos pejah.
25 Panginteniipun, para kadangipun,
tiyang Israèl, mangertos bilih Gusti Allah
badhé ngagem Musa ngluwari bangsa
Israèl. Nanging nyatanipun, bangsa
Israèl mboten sami mangertos.
26 Énjingipun Musa dhateng malih, lan
sumerep wonten tiyang Israèl kalih sami
gelut piyambak, lan Musa mbudidaya
badhé ngrukunaken. Musa wicanten:
‘Padha ngrungokna! Kowé rak padha
sedulur. Yagéné kowé padha gelut?’
27 Nanging tiyang ingkang nganiaya
tiyang setunggalipun mabeni Musa
kaliyan mungel: ‘Sinten ingkang
ngangkat panjenengan dados jeksa kula
sedaya?
28 Menapa panjenengan inggih badhé
mejahi kula kados enggèn panjenengan
mejahi tiyang Mesir kala wingi menika?’
29 Sareng mireng tembung mekaten
menika Musa lajeng késah saking tanah
Mesir, ngungsi dhateng tanah Midian,
wonten ing ngriku Musa gadhah anak
kalih.
30 Sasampunipun kawan dasa taun
wonten ing tanah Midian, wonten

malaékat ngetingal dhateng Musa
wonten ing urubing latu ing grumbulan,
ing ara-ara samun, ing paredèn Sinai.
31 Musa gumun sumerep tetingalan
wau, lajeng nyelaki. Nanging lajeng
kepireng pangandikanipun Gusti Allah,
mekaten:
32 'Aku iki Allahé para leluhurmu, Allahé
Abraham, Iskak lan Yakub.' Saking
ajrihipun Musa ngantos gumeter lan
mboten wantun ndengèngèk.
33 Pangéran nunten ngandika malih:
'Sandhalmu copoten, awit panggonan
sing kokidak kuwi bumi sing suci.
34 Aku wis pirsa lan wis nguningani
aboting kasangsarané umat-Ku, sing
ana ing tanah Mesir, sarta wis mireng
pasambaté. Aku rawuh arep ngluwari
umat mau. Saiki mrénéa, Aku bakal
ngutus kowé menyang tanah Mesir.'
35 Inggih Musa menika ingkang dipun
tampik déning umat Israèl srana mungel:
'Sinten ingkang ngangkat panjenengan
dados jeksa tumrap kula sedaya?' Inggih
Musa menika ingkang dipun utus déning
Gusti Allah dados pengageng sarta
juru-pangluwar, lumantar malaékat,

ingkang ngetingal dhateng piyambakipun
ing grumbulan ingkang murub.
36 Musa menika ingkang nuntun bangsa
Israèl medal saking tanah Mesir, kanthi
damel mujijat lan kaélokan wonten ing
tanah Mesir lan wonten ing Seganten
Teberau, tuwin wonten ing ara-ara
samun, ngantos kawan dasa taun
laminipun.
37 Inggih Nabi Musa menika ingkang
ngandika dhateng bangsa Israèl: ‘Gusti
Allah bakal ngutus nabi kaya aku iki saka
antarané para sedulurmu kanggo kowé
kabèh.’
38 Inggih Nabi Musa menika ingkang
sareng kaliyan umat Israèl nalika
nglempak wonten ing ara-ara samun.
Piyambakipun wonten ing ngriku
sesarengan kaliyan para leluhur kita
lan kaliyan malaékat, ingkang ngandika
dhateng piyambakipun wonten ing
Gunung Sinai. Nabi Musa menika
ingkang nampèni pangandika ingkang
asipat gesang saking Gusti Allah,
supados dipun terusaken dhateng kita.
39 Nanging leluhur kita mboten
sami purun mbangun-turut dhateng
piyambakipun. Tiyang-tiyang wau sami

nampik Nabi Musa, sarta kepéngin sami
wangsul dhateng tanah Mesir.
40 Tiyang-tiyang wau sami wicanten
dhateng Imam Harun: ‘Kula mbok
panjenengan damelaken pepethaning
Allah sawetawis, ingkang badhé
mlampah ing sangajeng kita. Awit kula
sami mboten sumerep kadospundi
kedadosanipun Musa, tiyang ingkang
ngirid kita medal saking tanah Mesir!’
41 Tiyang-tiyang wau lajeng sami damel
brahala, arupi pedhèt, lajeng sami caos
kurban dhateng brahala wau; nunten
sami ngawontenaken pésta kanggé
ngurmati yasané tanganipun piyambak.
42 Gusti Allah nunten mengkeraken
tiyang-tiyang wau, srana dipun umbar
enggènipun sami manembah dhateng
lintang-lintang ing langit. Kados ingkang
sinerat wonten ing Kitabipun para nabi,
mekaten ungelipun: ‘Hèh wong Israèl!
Apa enggonmu padha nyembelèh lan
ngurbanaké kéwan-kéwan, sajroné kowé
ana ing ara-ara samun, patang puluh
taun lawasé kuwi kanggo Aku?
43 Ora! Nanging tarubé Molokh lan
lintangé Déwa Réfan sing padha kokarak;
kuwi brahala rupa-rupa sing kokgawé

lan koksembah. Merga saka kuwi kowé
bakal Dakbuwang menyang ing sisih
kananing negara Babil.’

44 Para leluhur kita sami gadhah tarubé
prejanjian (ingkang mretandhani, bilih
Gusti Allah wonten ing tengah-tengahé
umatipun) wonten ing ara-ara samun.
Tarub prejanjian menika dipun damel
miturut dhawuhipun Gusti Allah dhateng
Musa, nulad tuladha, ingkang dipun
tedahaken déning Gusti Allah dhateng
Nabi Musa.

45 Para leluhur ingkang nampèni tarub
menika saking para tiyang sepuhipun.
Tarub wau dipun bekta nalika para
leluhur sami kairid déning Yosua
ngenggèni tanah menika. Tanah ingkang
karebat saking bangsa-bangsa, ingkang
dipun tundhung déning Gusti Allah
saking sangajengipun para leluhur kita.
Tarub wau kasimpen, ngantos dumugi
jamanipun Sang Prabu Dawud.

46 Sang Prabu Dawud angsal sihipun
Gusti Allah, lan nyuwun dhateng
Gusti Allah supados dipun parengaken
yasa Pedalemanipun Gusti Allah
sesembahanipun Yakub.

47 Nanging èstunipun ingkang yasa
Pedalemanipun Gusti Allah wau Sang
Prabu Suléman.
48 Éwadéné Gusti Allah ingkang
mahaluhur, mboten dedalem wonten
ing griya damelanipun manungsa,
kados ingkang dipun serat wonten ing
Kitabipun para nabi mekaten:
49 'Langit kuwi dhampar-Ku, lan bumi
iki ancik-anciking pada-Ku. Omah kaya
apa sing arep kokgawé kanggo Aku? Ana
ing ngendi panggonan-Ku ngaso?
50 Apa ora Aku dhéwé sing nitahaké
samubarang iki kabèh?' Mengkono
pangandikané Gusti Allah.
51 Wangkot temen manah panjenengan
menika! Panjenengan menika kados
tiyang kapir, ingkang mboten tepang
kaliyan Gusti Allah. Panjenengan mboten
béda kaliyan leluhur panjenengan,
ingkang tansah nglawan dhateng Roh
Suci!
52 Menapa wonten nabi ingkang mboten
dipun aniaya déning para leluhur
panjenengan? Para utusanipun Gusti
Allah jaman rumiyin, ingkang sami
martosaken bab badhé rawuhipun
Abdinipun Pangéran, sami panjenengan

pejahi. Lan samenika Abdinipun
Pangéran sampun panjenengan tampik
lan panjenengan sédani.
53 Inggih panjenengan ingkang sampun
nampik Torèt, ingkang kaparingaken
lumantar para malaékat; éwasemanten
Torèt wau mboten sami panjenengan
tetepi."
54 Bareng para warganing Pradata
krungu tembungé Stéfanus mau kabèh,
atiné panas banget lan padha nggeget
untu saking enggoné gregeten.
55 Nanging Stéfanus, kapenuhan ing
Roh Suci, tumenga ing langit lan weruh
kaluhurané Gusti Allah, sarta Gusti Yésus
jumeneng ana ing tengené Gusti Allah.
56 "Delengen! Aku weruh swarga menga
lan Putraning Manungsa jumeneng
ing tengené Gusti Allah!," pangucapé
Stéfanus.
57 Krungu tembung mengkono mau
para wargané Pradata Agama padha
bengok-bengok karo nutupi kupingé.
Para wargané Pradata Agama mau
banjur padha bebarengan ngroyok
Stéfanus.
58 Dilarak menyang sanjabané kutha,
nuli dibenturi watu. Para seksi padha

cucul lan nyèlèhaké jubahé mau ing
ngarepé nonoman sing jeneng Saulus.
59 Sajroné wong-wong mau isih terus
mbenturi watu, Stéfanus ndedonga,
panguwuhé: "Dhuh Gusti Yésus! Mugi
kersa nampèni roh kawula!"
60 Stéfanus nuli jèngkèng, sarta nguwuh
klawan sora: "Dhuh Gusti, mugi sampun
nempahaken kalepataning tiyang menika
dhateng piyambakipun!" Sawisé ngucap
mengkono, Stéfanus nuli mati.
8 1 Saulus dhéwé rujuk menawa
Stéfanus dipatèni. Wiwit dina kuwi
pasamuwan ing kutha Yérusalèm
dikuya-kuya tanpa nganggo welas.
Kejaba para rasul, kabèh wong precaya
padha buyar, pating slebar ana ing tanah
Yudéa lan tanah Samaria.
2 Ana wong mursid sawetara, sing
ngubur layoné Stéfanus; wong-wong
mau banget enggoné padha nangisi.
3 Nanging Saulus ngudi supaya bisa
nyirnakaké pasamuwan; mulané saben
omah dileboni. Ngendi ana wong
precaya, lananga, wadona, kabèh padha
digèrèd metu lan dilebokaké ing kunjara.

4 Kosokbaliné wong precaya sing padha
pating slebar mau ana ing ngendi waé
parané, tansah padha ngabaraké Injil.
5 Filipus lunga menyang kutha Samaria
lan wewarta marang wong-wong ing
kono, yèn Gusti Yésus kuwi Sang Kristus.
6 Wong akèh padha ngrungokaké
temenan marang piwulangé Filipus,
lan uga weruh mujijat-mujijat sing
ditindakaké.
7 Dhemit-dhemit sing padha
ditundhungi saka ing wong-wong
sing padha kesurupan, padha metu karo
jerit-jerit. Uga akèh wong lumpuh lan
wong pincang padha diwarasaké,
8 temahan ing kutha Samaria kono
wong-wong padha bungah banget.
9 Ing kutha kono ana wong, jeneng
Simon. Wis wiwit biyèn Simon kuwi gawé
éramé wong akèh ing kutha Samaria
kono, srana ilmu sihir. Simon mau
ngakuné wong sing pinunjul.
10 Mulané para warga kutha mau,
ya sakèhing lapisaning masarakat,
padha kèlu marang Simon mau.
Uniné wong akèh mau: "Simon kuwi
wujudé pangwasané Gusti Allah sing
Mahaagung."

11 Wong kabèh padha manut marang
tembungé Simon, awit wis suwé Simon
mau enggoné gawé éramé wong akèh,
merga saka ilmuné sihir.
12 Nanging bareng wong-wong mau
padha precaya marang Injil, lanang lan
wadon akèh kang padha dibaptis. Injil
sing diwartakaké déning Filipus, yakuwi
bab Kratoné Gusti Allah sing dumadiné
lantaran Gusti Yésus Kristus.
13 Simon dhéwé uga precaya. Sawisé
dibaptis, Simon mau nuli ndhèrèkaké
tindaké Filipus. Simon gumun banget
weruh mujijat-mujijat sing ditindakaké
déning Filipus.
14 Para rasul ing kutha Yérusalèm padha
krungu, yèn wong-wong Samaria padha
nampani pangandikané Gusti Allah.
Mulané para rasul mau banjur padha
ngutus Rasul Pétrus lan Rasul Yohanes
menyang kutha Samaria.
15 Bareng Rasul Pétrus lan Rasul
Yohanes padha teka ing kono, nuli
padha ndongakaké wong-wong sing wis
dibaptis mau, supaya padha kaparingan
Roh Suci.
16 Sebab wong-wong mau durung ana
siji waé sing kapenuhan ing Roh Suci.

Wong-wong kuwi lagi padha dibaptis ing
asmané Gusti Yésus.
17 Rasul Pétrus lan Rasul Yohanes
nuli numpangaké tangané ing sirahé
wong-wong mau, temahan padha
kapenuhan ing Roh Suci.
18 Simon weruh wong-wong enggoné
padha kapenuhan ing Roh Suci, merga
rasul-rasul numpangaké tangané ing
sirahé wong-wong mau. Mulané Simon
nuli nawani dhuwit marang Rasul Pétrus
lan Rasul Yohanes,
19 karo matur: "Mbok kula panjenengan
paringi pangwasa, supados saben tiyang
ingkang kula tumpangi tangan, nunten
sami kapenuhan ing Roh Suci."
20 Nanging Rasul Pétrus mangsuli:
"Kenaa laknat, kowé lan dhuwitmu,
merga kowé ngira, yèn peparingé Gusti
Allah kuwi kena dituku nganggo dhuwit.
21 Kowé ora mèlu apa-apa ana ing
pegawéan iki, merga atimu ora barès
ana ing ngarsané Gusti Allah.
22 Mulané mratobata saka kelakuanmu
sing ala kuwi, lan nyuwuna pangapura
marang Gusti Allah tumrap pikiranmu
sing kesasar kuwi!

23 Merga aku ngerti yèn atimu isih
kebak drengki lan kowé isih dikwasani
déning dosa."
24 Simon banjur matur marang Rasul
Pétrus lan Rasul Yohanes: "Mugi
panjenengan kersa nyuwunaken kula
dhateng Pangéran, supados kula
mboten kadhawahan paukuman ingkang
panjenengan ngandikakaken menika."
25 Sawisé maringi paseksi lan ngabaraké
Injil ana ing kono, Rasul Pétrus lan
Rasul Yohanes nuli padha bali menyang
kutha Yérusalèm. Ing sedalan-dalan
rasul-rasul mau padha ngabaraké Injil
ing désa-désa, ing tanah Samaria kono.
26 Ana Malaékating Pangéran ngandika
marang Filipus: "Kowé tata-tataa lan
lungaa mengidul, menyang dhun-
dhunan dalan sing saka kutha Yérusalèm
menyang kutha Gaza." (Dalan mau dalan
mati.)
27 Filipus tata-tata nuli mangkat. Nalika
semana ana wong Étiopia, punggawa
kraton duwé tanggung jawab jaga
keputrèn, lan ngurus bandhané sang
Putri Kandhaké, ing Negara Étiopia.
Priyagung mau lagi waé bali saka

nindakaké pangibadah ing kutha
Yérusalèm.
28 Nalika semana lagi numpak kréta
karo maca kitabé Nabi Yésaya.
29 Filipus nuli kadhawuhan déning Roh
Suci: "Kowé nyedhakana kréta kuwi."
30 Filipus banjur énggal-énggal nyedhaki
kréta mau lan krungu priyagung mau
lagi maca kitab Nabi Yésaya. Filipus
banjur takon marang wong mau:
"Panjenengan menapa mangertos
ingkang panjenengan waos menika?"
31 Wangsulané priyagung mau:
"Kadospundi enggèn kula saged
mangertos, menawi mboten wonten
tiyang ingkang nerangaken dhateng
kula?" Priyagung mau nuli akon Filipus
munggah ing kréta lan lungguh ing
sandhingé.
32 Ana déné ayat sing diwaca déning
priyagung mau surasané mengkéné:
"Panjenengané kaya wedhus sing arep
disembelèh; lan kaya cempé bisu sing
ora nyuwara ana ing ngarepé wong sing
ngguntingi wuluné; kaya mengkono
enggoné Panjenengané ora kumecap.
33 Panjenengané diasoraké, sarta
ora ana kaadilan kapatrapaké kagem

Panjenenganė. Nyawanė dipundhut saka
ing bumi, mulanė ora ana wong sing
bakal nyritakakė asal-usulė."
34 Priyagung mau nuli takon marang
Filipus: "Kula nyuwun pirsa, sinten
ingkang dipun ngandikakaken dėning
nabi menika? Menapa piyambakipun
piyambak, menapa tiyang sanès?"
35 Miwiti saka ayat kuwi, Filipus nuli
nyritakakė Injilė Gusti Yėsus.
36 Sajronė padha nerusakė lakunė mau
nuli padha tekan ing panggonan sing ana
banyunė. Priyagung mau nuli kandha:
"Kula aturi mirsani, ing ngriku wonten
toya. Menapa wonten alanganipun
menawi kula dipun baptis?"
37 [Wangsulanė Filipus: "Menawi
panjenengan pitados kalayan trusing
manah, saged kėmawon panjenengan
dipun baptis." Priyagung mau nuli
mangsuli: "Kula pitados bilih Gusti Yėsus
menika Sang Kristus, Putranipun Allah."]
38 Priyagung mau nuli dhawuh
ngendhegakė krėtanė. Wong loro mau,
Filipus lan priyagung, nuli padha mudhun
ana ing banyu. Filipus banjur mbaptis
priyagung mau.

39 Sawisé mentas, Filipus kapundhut
déning Sang Roh Suci. Priyagung
mau wis ora weruh Filipus menèh.
Panjenengané nuli nerusaké lakuné
klawan bungah.
40 Weruh-weruh Filipus wis tekan kutha
Asdod, banjur ndlajahi kutha-kutha ing
kono, sarta ngabaraké Injilé Gusti Yésus,
nganti tekan ing kutha Kaisaréa.

9

1 Saulus isih tetep ngancam arep
matèni para muridé Gusti Yésus,
mulané sowan Imam Agung,
2 nyuwun layang kwasa sing arep
dituduhaké marang sinagogé-sinagogé
(pasamuwané wong Yahudi) ing kutha
Damsyik, supaya yèn ana kana ketemu
wong-wong sing ngambah ‘Dalané Gusti
Yésus’ (tegesé Injil), Saulus bisa nyekel
wong-wong mau, lanang apa wadon, lan
nggawa menyang kutha Yérusalèm.
3 Sajroné mlaku menyang kutha
Damsyik mau, ora adoh saka kutha
kono, dumadakan ana cahya cumlorot
saka ing langit nlorong Saulus.
4 Saulus tiba, banjur krungu swara
mengkéné: "Saulus, Saulus! Yagéné
kowé nganiaya marang Aku?"

5 Saulus pitakon: "Panjenengan menika
sinten Gusti?" Swara mau mangsuli:
"Aku iki Yésus sing kokaniaya.
6 Ngadega lan mlebua ing kutha, ana
ing kono kowé bakal dikandhani apa sing
kudu koklakoni."
7 Kanca-kancané mlaku Saulus padha
mandheg, blangkemen. Awit wong-wong
mau pancèn padha krungu swara,
nanging ora weruh apa-apa.
8 Saulus nuli ngadeg, nanging bareng
ngelèkaké mripaté, ora weruh. Saulus
nuli dituntun mlebu ing kutha Damsyik.
9 Nganti telung dina lawasé Saulus ora
bisa ndeleng, sarta ora mangan lan
ngombé.
10 Ing kutha Damsyik ana muridé
Gusti Yésus, jenengé Ananias. Ananias
mau didhawuhi déning Gusti Yésus
ing sajroné impèn. Dhawuhé Gusti
Yésus: "Ananias!" Wangsulané Ananias:
"Kawula Gusti."
11 Gusti Yésus nuli ngandika: "Tata-
tataa lan lungaa menyang dalan, sing
aran ‘Dalan Lenceng’. Njujuga omahé
Yudas. Ing kono ana wong saka kutha
Tarsus, jenengé Saulus. Wong kuwi lagi
ndedonga,

12 lan sajroné pangimpèn Saulus mau weruh wong aran Ananias teka numpangi tangan, supaya bisa ndeleng menèh."
13 Nanging Ananias mangsuli: "Kathah tiyang ingkang nyariyosaken dhateng kawula bab tiyang ingkang asma Saulus menika, tumindakipun ambek siya dhateng umat Panjenengan ing kitha Yérusalèm.
14 Malah dhatengipun ing kitha Damsyik ngriki, mawi mbekta serat kwaos saking para pengajenging imam, supados nyepengi sedaya tiyang ingkang nyebut dhateng Asma Panjenengan."
15 Nanging Gusti Yésus ngandika marang Ananias: "Mangkata, awit Aku wis milih Saulus kuwi dadi piranti-Ku kanggo martakaké jeneng-Ku marang bangsa-bangsa kapir lan para raja, lan bangsa Israèl.
16 Aku dhéwé bakal nuduhaké marang Saulus mau, sepira akèhé kasangsaran sing bakal disandhang merga saka jeneng-Ku."
17 Ananias nuli mangkat lan mlebu omah sing dipondhoki Saulus. Saulus nuli ditumpangi tangan, karo muni: "Saulus sedulurku. Gusti Yésus sing wis

ngetingal marang kowé ana ing dalan
nalika kowé mréné, Panjenengané kuwi
ngutus aku marani kowé, supaya kowé
bisa ndeleng menèh, sarta kapenuhan
ing Roh Suci."
18 Sanalika iku uga banjur ana kaya
sisik iwak tiba saka ing mripaté Saulus,
lan banjur bisa ndeleng menèh. Saulus
nuli ngadeg sarta dibaptis.
19 (9-19a) Sawisé mangan, kekuwatané
pulih. (9-19b) Ana ing kutha Damsyik
kono Saulus manggon ana ing
satengahing para muridé Gusti Yésus
sawetara dina.
20 Sawisé kuwi Saulus nuli memulang
ana ing sinagogé-sinagogé, martakaké
yèn Yésus Putrané Gusti Allah.
21 Wong kabèh sing padha ngrungokaké
piwulangé padha gumun. Wong-wong
mau padha takon-tinakon: "Apa iki
dudu Saulus, sing matèni sakèhing
wong sing padha nyebut Asmané Gusti
Yésus ana ing kutha Yérusalèm kaé?
Lan tekané mréné iki apa ora arep
nyekel para muridé Gusti Yésus lan
nggawa wong-wong mau marang para
pengareping imam?"

22 Nanging piwulangé Saulus saya
gedhé pengaruhé, semono uga bukti-
bukti sing dibèbèraké, yèn Gusti Yésus
kuwi nyata Sang Kristus, ngyakinaké
banget, nganti wong Yahudi sing ana ing
kono padha ora bisa mbantah menèh.
23 Bareng wis sawetara dina, wong
Yahudi banjur padha ngumpul ngrembug
enggoné arep matèni Saulus;
24 lan rancangané wong-wong mau
Saulus dhéwé ngerti. Rina wengi wong
Yahudi padha njaga gapura-gapuraning
kutha, supaya bisa matèni Saulus.
25 Nanging ing sawijining bengi para
muridé padha ngedhunaké Saulus metu
jendhéla ing témboké kutha, nganggo
kranjang.
26 Saulus banjur lunga menyang kutha
Yérusalèm, arep ngumpul karo para
murid-muridé Gusti Yésus sing ana
ing kono. Nanging murid-murid mau
padha ora ngandel yèn Saulus kuwi
wis dadi muridé Gusti Yésus temenan.
Murid-murid mau padha wedi.
27 Nanging Barnabas gelem nampani;
mulané Saulus nuli diteraké nemoni para
rasul. Para rasul padha dicritani, yèn
Saulus kuwi wis diketingali déning Gusti

Yésus ana ing dalan, lan Gusti Yésus wis ngandika marang Saulus. Barnabas mau uga nyritakaké yèn Saulus ing kutha Damsyik wis ngabaraké Injil klawan kendel atas Asmané Gusti Yésus.

28 Saulus banjur manggon bebarengan karo para rasul ana ing kutha Yérusalèm sarta kanthi kendel memulang atas Asmané Gusti Yésus.

29 Saulus uga rembugan lan bebantahan karo wong Yahudi sing basané Yunani. Nanging wong-wong mau padha ngarah arep matèni.

30 Bareng kaweruhan déning para sedulur sing nunggal precaya, Saulus nuli digawa menyang kutha Kaisaréa, lan saka kono menyang kutha Tarsus.

31 Sawisé mengkono pasamuwan-pasamuwan ing tanah Yudéa kabèh, ing tanah Galiléa, tuwin ing tanah Samaria ngalami katentreman. Pasamuwan-pasamuwan mau padha dadi sentosa lan cacahé saya wuwuh akèh, merga saka pitulungané Sang Roh Suci lan merga enggoné padha ngabekti marang Gusti Allah.

32 Nalika semana Rasul Pétrus tindak mider-mider. Ing sawijining dina

panjenengané tetuwi para wong precaya
sing ana ing kutha Lidha.
33 Ing kutha Lidha kono Rasul Pétrus
ketemu karo wong sing jenengé Énéas.
Énéas kuwi lumpuh, lan wis wolung taun
ana ing peturoné.
34 Énéas mau nuli dipangandikani
déning Rasul Pétrus: "Énéas, Gusti
Yésus Kristus marasaké kowé, tangia lan
peturonmu tatanen!" Sanalika iku uga
Énéas tangi.
35 Kabèh wong ing kutha Lidha lan ing
kutha Saron, bareng ndeleng Énéas,
banjur padha mratobat marang Gusti
Yésus.
36 Ing kutha Yopé kono ana muridé
Gusti Yésus, wong wadon, sing jenengé
Tabita (ing basa Yunani Dhorkas;
‘Dhorkas’ tegesé ‘Kidang’). Dhorkas mau
nindakaké kabecikan akèh, lan seneng
dedana.
37 Nanging nalika semana Dhorkas mau
lara, malah tumeka ing pati. Sawisé
layoné diedusi, nuli disèlèhaké ana ing
kamar lotèng.
38 Kutha Yopé kuwi dunungé ora adoh
saka kutha Lidha. Bareng para murid
padha krungu yèn Rasul Pétrus ana

ing kutha Lidha, nuli padha kongkonan wong loro didhawuhi nusul Rasul Pétrus, supaya matur: "Kula aturi énggal rawuh ing kitha Yopé."
39 Rasul Pétrus tata-tata nuli mangkat, bareng karo kongkonan mau. Satekané ing omahé Dhorkas, Rasul Pétrus nuli digawa menyang kamar lotèng. Sakèhing randha-randha sing ana ing kono padha ngrubung layoné, karo nangis lan nuduhaké marang Rasul Pétrus, sandhangan-sandhangan lan jubah-jubah gawéané Dhorkas kanggo wong-wong mau, nalika isih urip.
40 Wong kabèh mau nuli dikon metu déning Rasul Pétrus. Rasul Pétrus nuli jèngkèng ndedonga. Sawisé mengkono Rasul Pétrus nuli nyedhaki layoné Dhorkas karo ngandika: "Tabita, tangia!" Dhorkas nuli melèk, bareng weruh Rasul Pétrus, Dhorkas nuli tangi.
41 Rasul Pétrus nyekel tangané, nulungi Dhorkas enggoné ngadeg. Sawisé kuwi wong-wong precaya sarta randha-randha mau padha diklumpukaké. Rasul Pétrus nuli masrahaké Dhorkas sing saiki wis urip, marang wong-wong mau.

42 Kabar bab Dhorkas kuwi sumebar
wrata ing kutha Yopé, lan akèh wong
sing banjur precaya marang Gusti Yésus.
43 Rasul Pétrus nginep sawetara dina
ana ing omahé tukang nyamak kulit,
sing jenengé Simon.

10 1 Ing kutha Kaisaréa ana wong,
jenengé Kornélius. Kornélius kuwi
pangkaté kaptèn ana ing angkatan darat
Rum, sing karan: ‘Pasukan Italia’.
2 Kornélius mau wong sing precaya
marang Gusti Allah, dhèwèké dhéwé lan
brayaté kabèh padha ngabekti marang
Gusti Allah, mula ajeg olèhé ndedonga
ana ing ngarsané Gusti Allah, apa déné
akèh pitulungané marang wong Yahudi
sing miskin.
3 Ing sawijining dina kira-kira jam telu
soré, Kornélius ana ing sajroné wahyu,
diketingali déning malaékat. Malaékat
mau ngandika: "Kornélius!"
4 Kornélius wedi banget ndeleng
malaékat mau, nuli mangsuli: "Kawula
Gusti!" Malaékat nuli ngandika menèh:
"Pandongamu lan dedanamu wis ditampi
becik lan dièngeti déning Gusti Allah.
5 Saiki kowé akona wong sawetara
supaya lunga menyang kutha Yopé,

ngundang wong sing jenengé Simon
Pétrus.
6 Simon Pétrus mau nginep ana ing
omahé tukang samak, sing jenengé uga
Simon. Omahé ana ing pinggir segara."
7 Salunganė malaékat mau, Kornélius
nuli ngundang baturé loro lan prejurit
siji, wong precaya.
8 Kornélius nuli nyritakaké apa sing
mentas kelakon, banjur akon wong-wong
mau padha mangkat menyang kutha
Yopé.
9 Ésuké, wetara tengah dina, bareng
lakuné kongkonan mau wis mèh tekan
kutha Yopé, Rasul Pétrus munggah ing
payoning omah, arep ndedonga.
10 Rasul Pétrus krasa luwé lan kepéngin
mangan. Sajroné méjané lagi ditata,
Rasul Pétrus olèh wahyu.
11 Sajroning wahyu mau katon langité
kawiyak, lan ana kaya mori amba sing
poncoté papat ditalèni. Mori mau diulur
mudhun saka langit menyang bumi.
12 Ing njeroné mori mau ana kéwan
dharat rupa-rupa, ana kéwan sikil
papat, ana kéwan sing rumangkang, lan
manuk-manuk alasan.

13 Nuli ana swara sing dhawuh marang
Rasul Pétrus: "Pétrus, ngadega!
Sembelèhen lan panganen!"
14 Nanging Rasul Pétrus matur: "Mboten
Gusti! Kawula dèrèng naté nedha
tetedhan ingkang karam utawi najis!"
15 Nanging swara mau nuli ngandika
menèh marang Rasul Pétrus: "Kowé
aja nganggep karam marang sing wis
dikalalaké déning Gusti Allah."
16 Kedadéan kaya mengkono mau
nganti rambah kaping telu. Sawisé kuwi
mori mau diunggahaké menèh menyang
langit.
17 Rasul Pétrus mikir-mikir apa maknané
wahyu mau. Nalika iku wong-wong sing
dikongkon déning Kaptèn Kornélius,
sawisé takon-takon endi omahé sing
dipondhoki Rasul Pétrus, wis tekan
ngareping régol.
18 Wong-wong mau padha takon:
"Menapa ing ngriki wonten tamu,
ingkang asmanipun Pétrus?"
19 Nalika Rasul Pétrus isih nggagapi
maknané wahyu mau, banjur
dingandikani déning Sang Roh
Suci: "Pétrus, ana wong telu nggolèki
kowé.

20 Énggal mudhuna, lan aja mangu-mangu mangkat bebarengan karo wong-wong kuwi, sebab Aku wis ngutus wong-wong mau mréné."
21 Rasul Pétrus nuli mudhun lan kandha marang wong-wong mau: "Iya aku iki wong sing kokgolèki. Ana prelumu apa kowé padha mréné?"
22 Wong-wong mau nuli padha matur: "Dhateng kula mriki dipun kèngkèn déning Kaptèn Kornélius. Piyambakipun menika tiyang saé, ingkang ngabekti dhateng Gusti Allah lan kajèn ing antawisipun bangsa Yahudi sedaya. Kaptèn Kornélius menika dipun ketingali déning malaékatipun Gusti Allah, ingkang dhawuh supados ngaturi panjenengan rawuh ing griyanipun, supados Kaptèn Kornélius saged mireng menapa ingkang panjenengan dhawuhaken."
23 (10-23a) Wong-wong mau nuli dikon nginep ana ing kono. (10-23b) Ésuké Rasul Pétrus, sawisé tata-tata, nuli mangkat bareng wong-wong kongkonané Kaptèn Kornélius. Ana sawetara wong precaya saka kutha Yopé, sing uga padha mèlu.

24 Ésuké menèh Rasul Pétrus lan
rombonganè tekan ing kutha Kaisaréa.
Kaptèn Kornélius wis ngentèni,
mengkono uga sanak seduluré lan
kanca-kancané cedhak sing padha
diundang mrono.
25 Bareng Rasul Pétrus rawuh Kornélius
nuli methukaké lan sungkem ana ing
ngarepé Rasul Pétrus.
26 Nanging Rasul Pétrus akon Kornélius
ngadeg, karo dikandhani: "Kula aturi
ngadeg, awit kula menika tiyang limrah
kémawon."
27 Sambi ngandikan karo Kornélius,
Rasul Pétrus mlebu omah lan ketemu
karo wong akèh sing padha ngumpul ana
ing kono.
28 Rasul Pétrus nuli ngandika marang
wong-wong mau: "Panjenengan sami
mangertos, bilih tiyang Yahudi menika
dipun awisi déning agaminipun tetuwi
utawi sesrawungan kaliyan tiyang-tiyang
sanès Yahudi. Nanging Gusti Allah
sampun maringi pirsa dhateng kula, bilih
mboten leres menawi kula nganggep
tiyang najis utawi karam.
29 Awit saking menika, nalika kula
dipun pethuk kapurih mriki, kula sagahi.

Samenika kula aturi ngandikakaken
menapa wigatosipun, déné kula
panjenengan timbali mriki?"
30 Kornélius banjur mangsuli: "Wetawis
tigang dinten kepengker, nalika kula
ngleresi ndedonga jam tiga siang,
wonten ing griya kula, wonten malaékat
rawuh, ngagem ageman gilap, jumeneng
wonten ing ngajeng kula.
31 Malaékat wau ngandika: ‘Kornélius!
Gusti Allah wis miyarsakaké pandongamu
lan ngèngeti enggonmu seneng dedana.
32 Kongkonana wong menyang kutha
Yopé, konen ngundang wong sing
jenengé Simon Pétrus. Pétrus mau
nginep ana ing omahé tukang samak,
jenengé Simon, sing omahé ana ing
pinggir segara.’
33 Menika sebabipun kula énggal-énggal
ngaturi panjenengan, lan saking saéné
penggalih panjenengan, panjenengan
sampun kersa tindak mriki. Samenika
kula sampun sami ngempal wonten
ing ngriki, wonten ing ngarsanipun
Gusti Allah, kepéngin mirengaken
menapa kémawon ingkang sampun
kadhawuhaken déning Gusti Allah

ingkang prelu panjenengan wedharaken dhateng kula sedaya."
34 Rasul Pétrus nuli ngandika mengkéné: "Nembé samenika kula mangertos saèstu, bilih Gusti Allah menika mboten mbédak-mbédakaken tiyang.
35 Sinten ke’mawon ingkang pitados dhateng Panjenenganipun, sarta nindakaken ingkang leres, mboten preduli saking bangsa menapa kémawon, tiyang wau mesthi katampi.
36 Panjenengan sami pirsa pawartos, ingkang kaparingaken déning Gusti Allah dhateng bangsa Israèl, inggih menika Injil, inggih menika bab katentreman lantaran Gusti Yésus Kristus, Gustinipun manungsa sedaya.
37 Panjenengan sami pirsa menapa ingkang kedadosan ing satanah Yudéa sedaya, wiwit saking tanah Galiléa, sasampunipun baptisan ingkang dipun wartosaken déning Nabi Yohanes Pembaptis.
38 Panjenengan temtunipun inggih sampun naté mireng bab Gusti Yésus ingkang kaparingan Roh Suci sarta pangwaos. Gusti Yésus wau lajeng

tindak mider-mider paring pitulungan
sarta nyarasaken tiyang-tiyang sedaya,
ingkang dipun kwaosi déning Iblis, sebab
Gusti Allah nunggil kaliyan Gusti Yésus.
39 Kula sedaya menika seksi-seksinipun
tumrap sedaya prekawis ingkang dipun
tindakaken déning Gusti Yésus ing
negarinipun tiyang Yahudi lan ing kitha
Yérusalèm. Éwadéné Gusti Yésus dipun
salib lan dipun sédani déning tiyang
Yahudi.
40 Nanging ing tigang dintenipun Gusti
Allah mungokaken saking séda, sarta
ngetingalaken Panjenenganipun.
41 Nanging mboten dhateng angger
tiyang, namung kula sedaya, ingkang
sampun kapilih déning Gusti Allah dados
seksi-seksinipun. Kula sami nedha lan
ngombé sesarengan kaliyan Gusti Yésus,
sasampunipun Gusti Allah mungokaken
Gusti Yésus wau saking séda.
42 Gusti Yésus wau ndhawuhi kula
sedaya, supados kula sami ngabaraken
Injil dhateng sedaya manungsa lan
suka paseksi, bilih Gusti Yésus menika
ingkang dipun utus déning Gusti
Allah, dados Hakim ingkang ngadili

tiyang-tiyang ingkang taksih gesang lan
tiyang-tiyang ingkang sampun pejah.
43 Sedaya nabi damel paseksi srana
ngandika, bilih sok sintena ingkang
pitados dhateng Gusti Yésus, dosa-
dosanipun badhé dipun apunten awit
saking pangwaosipun."
44 Sajroné Rasul Pétrus isih ngandika,
dumadakan wong kabèh sing padha
ngrungokaké piwulang mau padha
katedhakan lan kapenuhan ing Roh Suci.
45 Wong-wong precaya bangsa Yahudi,
sing padha mèlu teka karo Rasul Pétrus
saka kutha Yopé, padha ora uwis-uwis
enggoné gumun, déné Gusti Allah wis
ngesokaké peparingé, yakuwi Sang Roh
Suci, uga marang wong-wong dudu
Yahudi.
46 Wong-wong Yahudi padha krungu,
yèn sing padha katedhakan Roh Suci
kuwi padha caturan nganggo basa-basa
sing anèh, lan padha memuji kamulyané
Gusti Allah. Rasul Pétrus nuli ngandika:
47 "Delengen, wong-wong kuwi iya
wis padha nampa Rohé Pangéran, ora
béda karo kita. Apa ana wong sing bisa
ngalang-alangi menawa wong-wong iki
padha dibaptis nganggo banyu?"

48 Rasul Pétrus nuli akon wong-wong
sing padha katedhakan Roh Suci mau
dibaptis ing asmané Gusti Yésus. Sawisé
kuwi wong-wong mau padha nyuwun
supaya Rasul Pétrus kersa nginep ana
ing omahé wong-wong mau sawetara
dina menèh.

11

1 Para rasul lan para sedulur sing
padha precaya marang Gusti
Yésus ing tanah Yudéa padha krungu
yèn wong dudu Yahudi (sing nganut
agama kapir) uga wis padha nampani
pangandikané Gusti Allah.
2 Bareng rawuh ing kutha Yérusalèm,
Rasul Pétrus digugat déning wong-wong
precaya sing padha duwé penemu, yèn
wong dudu Yahudi sing mlebu dadi
wargané pasamuwané Gusti Yésus
kudu ditetaki, wong-wong mau muni
mengkéné:
3 "Kénging menapa panjenengan
kokmondhok ing griyanipun tiyang kapir
ingkang mboten tetak, malah dhahar
sesarengan kaliyan tiyang-tiyang wau?"
4 Mulané Rasul Pétrus nuli mènèhi
lapuran jangkep prekara-prekara sing
wis kelakon kabèh, wiwit saka wiwitan
mengkéné:

5 "Nalika kula saweg ndedonga wonten
ing kitha Yopé, kula pikantuk wahyu,
ketingalipun kados wonten mori wiyar
ingkang pojokipun sekawan katangsulan.
Mori wau kaandhapaken saking langit,
mandheg ing ngajeng kula.
6 Sareng kula tamataken kula sumerep
ing nglebet mori wau wonten kéwan-
kéwan suku sekawan, kéwan-kéwan
galak lan kéwan-kéwan rumangkang
saha peksi-peksi wana.
7 Kula lajeng mireng swanten ingkang
wicanten dhateng kula, mekaten: ‘Pétrus
ngadega, sembelèhen lan panganen!’
8 Nanging kula mangsuli: ‘Mboten,
Gusti! Kula dèrèng naté nedha tetedhan
ingkang karam utawi najis.’
9 Swanten saking langit wau wicanten
malih: ‘Kowé aja nganggep karam
sabarang sing wis dikalalaké déning
Gusti Allah.’
10 Prekawis menika kelampahan
ngantos kaping tiga. Sasampunipun
menika lawon saisinipun lajeng kaangkat
malih dhateng langit.
11 Kaleresan nalika semanten wonten
tiyang tiga dhateng ing griya ingkang
kula sipengi. Tiyang-tiyang menika dipun

utus saking kitha Kaisaréa, manggihi
kula.
12 Sang Roh Suci ngandika dhateng
kula, supados kula mboten mangu-
mangu tumut kaliyan tiyang-tiyang
wau dhateng kitha Kaisaréa. Wonten
sedhèrèk enem saking kitha Yopé
ingkang tumut kula dhateng kitha
Kaisaréa; nunten mlebet ing griyanipun
Kaptèn Kornélius.
13 Sadhateng kula ing ngriku, Kaptèn
Kornélius ugi lajeng nyariyosaken
dhateng kula sedaya, bilih piyambakipun
dipun ketingali déning malaékat wonten
ing griyanipun, dhawuh dhateng Kaptèn
Kornélius mekaten: ‘Kongkona wong
menyang kutha Yopé, nemoni wong sing
jenengé Simon Pétrus.
14 Pétrus kuwi bakal nyritakaké marang
kowé patrapé enggonmu sabrayat bakal
dislametaké!’
15 Sareng kula wiwit wicanten,
dumadakan Sang Roh Suci nedhaki
tiyang-tiyang menika, sami kaliyan
ingkang kita alami nalika wiwitan.
16 Kula lajeng kèngetan menapa ingkang
sampun naté dipun ngandikakaken
déning Gusti Yésus mekaten: ‘Yohanes

mbaptis nganggo banyu, nanging kowé
bakal dibaptis nganggo Roh Suci.’
17 Srana mekaten cetha, bilih Gusti
Allah piyambak sampun maringaken
dhateng tiyang-tiyang sanès Yahudi,
peparing ingkang sami kaliyan ingkang
kita tampi, nalika kita pitados dhateng
Gusti Yésus Kristus. Awit sinten ta kula
menika, kokwani ngalang-alangi Gusti
Allah?"
18 Bareng krungu critané Rasul Pétrus
sing mengkono mau, wong-wong ora
padha nyalahaké Rasul Pétrus menèh,
malah banjur padha memuji marang
Gusti Allah, karo muni: "Yèn mengkono
Gusti Allah uga wis maringi wewengan
marang wong-wong liya bangsa, sing
padha nganut agama kapir, supaya
padha mratobat, temahan padha urip."
19 Wong-wong precaya padha buyar,
merga saka panguya-uya, sawisé
Stéfanus dipatèni. Enggoné buyar mau
nganti ana sing tekan tanah Fénisia,
tekan pulo Siprus, lan tekan kutha
Antiokia. Wong-wong precaya sing
padha buyar kuwi ana ing panggonan
anyar mau padha ngabaraké Injil mung
marang wong-wong Yahudi.

20 Nanging ana sawetara wong precaya
anyaran, sing satekané ing pulo Siprus
lan kutha Kiréné, banjur lunga menyang
kutha Antiokia. Ana ing kono wong-wong
precaya mau nuli ngabaraké Injil marang
wong-wong bangsa liya, sing nganut
agama kapir, yakuwi Injil bab Gusti
Yésus.
21 Pangwasané Gusti Yésus nunggil karo
wong-wong precaya mau, lan akèh wong
sing sawisé nampa pawarta nuli padha
precaya lan mratobat marang Gusti
Yésus.
22 Pasamuwan ing kutha Yérusalèm,
bareng krungu kabar bab pasamuwan
ing kutha Antiokia mau, nuli ngutus
Barnabas mrana.
23 Satekané ing kono, Barnabas
weruh wong-wong precaya ing kono
padha kaberkahan déning Gusti Allah.
Barnabas bungah banget lan ngatag
para sedulur-sedulur sing precaya mau,
supaya klawan mantep padha tetepa
setya lan tulusa precayané marang Gusti
Yésus.
24 Barnabas kuwi wong becik sing
kapenuhan ing Roh Suci lan precaya.

Akèh wong sing merga piwulangé nuli
padha precaya marang Gusti Yésus.
25 Sawisé kuwi Barnabas nuli lunga
menyang kutha Tarsus, nggolèki Saulus.
26 Bareng wis ketemu, Saulus nuli diajak
menyang kutha Antiokia. Barnabas lan
Saulus ana ing pasamuwan kono mulang
wong akèh nganti setaun lawasé. Ya
ana ing Antiokia kono para muridé Gusti
Yésus wiwit disebut wong Kristen.
27 Nalika semana ana nabi sawetara
saka kutha Yérusalèm teka ing kutha
Antiokia.
28 Ing antarané nabi-nabi mau ana
sing jenengé Agabus. Agabus mau
merga kawangsit déning Sang Roh Suci
meca, yèn ing salumahing bumi bakal
ana pailan gedhé. (Pailan gedhé mau
kelakoné nalika Kaisar Klaudius ngasta
pepréntahan.)
29 Para murid mau nuli sarujuk
ngirim sumbangan marang para
sedulur nunggal precaya sing padha
ana ing tanah Yudéa, saben wong
miturut kekuwatané lan lilané atiné
dhéwé-dhéwé.
30 Sawisé nindakaké mengkono,
dhuwit-dhuwit sumbangan mau

dikirimaké marang para pinituwané
pasamuwan ing kutha Yérusalèm,
lantaran Barnabas lan Saul.
12 1 Nalika semana Sang Prabu
Hérodès wiwit nganiaya para
warganing pasamuwan Kristen sawetara.
2 Atas dhawuhé Sang Prabu Hérodès,
Rasul Yakobus seduluré Rasul Yohanes,
katigas guluné.
3 Bareng pirsa, yèn tindaké mengkono
kuwi gawé senengé atiné wong Yahudi,
Sang Prabu Hérodès saya ndadra; mula
banjur dhawuh supaya Rasul Pétrus uga
ditahan. (Kelakoné prekara mau nalika
pinuju Riaya Pésta Roti Tanpa Ragi.)
4 Sawisé Rasul Pétrus dicekel, nuli
dilebokaké ing pakunjaran. Ing kono
Rasul Pétrus dipasrahaké kanthi dhawuh
supaya dijaga déning prejurit patang
pantha, saben panthané wong papat;
olèhé jaga giliran, sapantha-sapantha.
Kersané Sang Prabu Hérodès, Rasul
Pétrus arep diadili ana ing ngareping
umum, sawisé Riaya Paskah.
5 Dadi Rasul Pétrus dijaga ana ing
pakunjaran, nanging pasamuwan olèhé
ndongakaké marang Gusti Allah ora
kendhat.

6 Ngarepaké Rasul Pétrus diladèkaké
marang pengadilané Sang Prabu
Hérodès, ing wengi kuwi Rasul Pétrus
saré, kaapit déning prejurit loro; tangané
diranté kiwa-tengen karo prejurit sing
ana ing kiwa lan tengené mau. Lawangé
pakunjaran dijaga déning prejurit.
7 Dumadakan ana Malaékating Pangéran
jumeneng ana ing sèl panggonané Rasul
Pétrus dikunjara mau. Cahyaning
malaékat mau madhangi sèl pakunjaran.
Malaékat mau nuli nggugah Rasul Pétrus,
karo ngandika: "Énggal tangia!" Sakal
ranténé padha ucul saka tangané Rasul
Pétrus.
8 Malaékat mau ngandika menèh:
"Sandhanganmu lan sepatumu
enggonen!" Rasul Pétrus iya nuli
nindakaké apa sing didhawuhaké déning
malaékat. Malaékat banjur ngandika
menèh: "Jubahmu enggonen lan mèlua
aku."
9 Pétrus ndhèrèkaké tindaké malaékat
mau, metu saka pakunjaran. Nanging
Pétrus ora ngerti, apa malaékat mau
ana temenan apa ora, sebab pangirané
kabèh mau mung rerupan waé.

10 Bareng tindaké malaékat lan Rasul
Pétrus mau wis ngliwati panggonané
wong jaga sing kapisan, banjur sing
kapindho, nuli tekan lawang wesi,
panggonané metu menyang dalan
gedhé, sing nuju menyang kutha.
Lawang wesi mau menga dhéwé,
malaékat lan Rasul Pétrus nuli padha
metu, mlaku liwat lurung; dumadakan
malaékat mau ngilang.
11 Rasul Pétrus lagi ngerti, apa sing
mentas dialami. Pangucapé: "Saiki
aku ngerti, yèn Pangéran wis ngutus
malaékaté supaya ngluwari aku saka
pangwasané Sang Prabu Hérodès, lan
saka sakèhing prekara sing dirancang
déning wong Yahudi."
12 Bareng wis ngerti marang lelakon
mau, Rasul Pétrus nuli lunga menyang
omahé Maryam, ibuné Yohanes sing
uga karan Markus. Ing omah kono ana
wong akèh sing lagi padha ngumpul lan
ndedonga.
13 Pétrus thothok-thothok ing lawang
régol, nuli ana abdi wadon, sing jeneng
Rodhé, teka arep niliki sapa wong sing
thothok-thothok mau.

14 Rodhé ora pangling karo swarané
Rasul Pétrus, nanging saka bungahé,
Rodhé mau ora ngengakaké lawangé,
malah bali mlebu lan ngandhani wong-
wong sing padha nglumpuk, yèn Rasul
Pétrus ana ing régol.
15 Wong kabèh mau padha muni:
"Kowé kuwi gendheng apa kepriyé?"
Nanging Rodhé nggegegi yèn apa
sing dikandhakaké kuwi temenan.
Wong-wong mau nuli muni: "O, bisa uga
kuwi rohé Pétrus."
16 Nanging Rasul Pétrus terus waé
enggoné thothok-thothok. Pungkasané
wong-wong mau padha ngengakaké
lawangé régol. Bareng weruh Rasul
Pétrus, wong-wong mau padha
kaéraman.
17 Rasul Pétrus nuli nyasmitani srana
tangané, supaya wong kabèh padha
meneng, sarta nyritakaké enggoné
Pangéran wis ngetokaké saka ing
pakunjaran. Welingé Rasul Pétrus:
"Padha ngandhanana Yakobus lan
sedulur-sedulur liyané." Rasul Pétrus
nuli lunga saka kono menyang liya
panggonan.

18 Ésuké para prejurit sing jaga ana
ing pakunjaran padha gègèr, lan padha
takon-tinakon: "Pétrus ana ing ngendi?"
19 Sang Prabu Hérodès dhawuh
nggolèki, nanging Rasul Pétrus ora
ketemu, sing padha jaga nuli dipriksa
lan dipatèni. Sawisé kuwi Sang Prabu
Hérodès tindak saka tanah Yudéa lan
nganti sawetara suwéné ana ing kutha
Kaisaréa.
20 Sang Prabu Hérodès duka banget
marang wong kutha Tirus lan kutha
Sidon. Mulané wong-wong mau padha
saiyeg sowan bebarengan. Sing dhisik
wong-wong mau padha ngrimuk Blastus,
yakuwi punggawa kraton sing dhuwur
pangkaté, supaya ngiloni marang
wong-wong mau. Sawisé mengkono,
padha sowan marang Sang Prabu
Hérodès, nyuwun kawelasan, awit
pangané wong-wong ing kutha Tirus
lan kutha Sidon mau gumantung saka
pametuné wilayahé Sang Prabu Hérodès.
21 Ing dina sing wis ditetepaké déning
Sang Prabu Hérodès, Sang Prabu
nuli ngagem ageman keprabon, sarta
lenggah ana ing dhampar, karo medhar
sabda.

22 Satengahé medhar sabda mau,
wong-wong sing ana ing kono padha
surak-surak karo muni: "Sing ngandika
kuwi allah, dudu manungsa."
23 Sanalika iku uga Malaékating
Pangéran nggebag Sang Prabu Hérodès,
awit saka enggoné ora ngurmati marang
Gusti Allah. Sang Prabu Hérodès nuli
dimangsa déning cacing, banjur séda.
24 Déné pangandikané Gusti Allah
sangsaya sumebar lan tuwuh
ngrembaka.
25 Sawisé Barnabas lan Saulus
ngrampungaké kuwajibané, nuli padha
bali saka kutha Yérusalèm, karo nggawa
Yohanes, sing karan Markus.

13

1 Ing pasamuwan Antiokia ana
nabi sawetara lan guru-guru,
yakuwi: Barnabas, Siméon, sing karan
Niger, Lukius saka Kiréné, Manahèn
lan Saulus. Manahèn kuwi nalika ciliké
diemong bareng karo Sang Prabu
Hérodès.
2 Lagi tengah-tengahé padha ndedonga
lan pasa, Sang Roh Suci ngandika
marang wong-wong mau: "Barnabas lan
Saulus pisahen karo wong-wong kuwi,
merga arep Dakutus nglakoni pegawéan,

sing wis Daktemtokaké kanggo wong
loro kuwi."
3 Sarampungé padha pasa lan
ndedonga, wong loro mau nuli padha
ditetepaké ing kalungguhané, srana
ditumpangi tangan. Sawisé kuwi nuli
padha dikon mangkat.
4 Barnabas lan Saulus, sing padha
diutus déning Sang Roh Suci, nuli
mangkat menyang kutha Séléukia. Saka
kono padha nunggang prau menyang
pulo Siprus.
5 Satekané ing kutha Salamis, wong-
wong mau nuli padha ngabaraké Injil ana
ing sinagogé-sinagogé, yakuwi papan
pangibadahé wong Yahudi. Yohanes sing
uga karan Markus, mbiyantu wong loro
mau sajroné padha nglakoni ayahané.
6 Wong-wong mau padha ndlajahi pulo
Siprus sakemputé, nganti tekan kutha
Pafos. Ing kutha Pafos kono Barnabas
lan Saulus ketemu karo wong Yahudi,
tukang sihir, sing jenengé Bar Yésus.
Wong kuwi ngakuné nabi.
7 Bar Yésus mau mitrané Sèrgius Paulus
gubernur ing pulo kono. Panjenengané
kuwi wong sing wicaksana. Gubernur
mau nimbali Barnabas lan Saulus, awit

kepéngin krungu bab pangandikané
Gusti Allah.
8 Nanging Élimas — mengkono jenengé
Bar Yésus, tukang sihir mau ing basa
Yunani — ngalang-alangi, karepé supaya
gubernur mau aja nganti precaya
marang Gusti Yésus.
9 Nanging Saulus sing uga disebut
Paulus sing kapenuhan ing Roh Suci,
mandeng marang tukang sihir kuwi,
10 banjur muni: "Hèh kowé anak Iblis!
Kowé nglawan marang samubarang
sing becik. Atimu kebak pangréka
sing ala. Kowé dhemen ngingeraké
piwulang-piwulangé Pangéran!
11 Saiki uga bakal digebug déning
astané Pangéran, lan bakal dadi wuta;
sajroning sawetara mangsa kowé bakal
ora weruh padhanging srengéngé." Sakal
Élimas krasa kaya-kaya mripaté kesaput
ing peteng banjur gragap-gragap golèk
dalan, lan njaluk dituntun.
12 Bareng weruh sing mengkono mau,
gubernur nuli precaya lan kaéraman
banget marang piwulang bab Gusti
Yésus.
13 Paulus lan sakancané nuli padha
nunggang prau saka kutha Pafos

menyang kutha Pèrga ing tanah Pamfilia,
nanging Yohanes Markus pamitan, lan
bali menyang kutha Yérusalèm.
14 Saka Pèrga wong loro mau nerusaké
lakuné menyang kutha Antiokia, ing
tanah Pisidia. Bareng dina Sabbat,
dina Sabbaté wong Yahudi, Paulus lan
Barnabas padha mlebu ing sinagogé.
15 Sawisé rampung maca Torèté Nabi
Musa, lan kitabé para nabi, para
pinituwané pasamuwan Yahudi mau
kongkonan takon marang Paulus lan
Barnabas, apa padha dhangan khotbah,
tembungé: "Para sedhèrèk! Menawi
panjenengan kersa paring pangandika
dhateng kula sedaya, sumangga, kula
caosi wekdal."
16 Paulus nuli ngadeg, lan sawisé
mènèhi sasmita nganggo tangané,
nuli miwiti khotbah mengkéné: "Para
sedhèrèk bangsa Israèl lan sedhèrèk-
sedhèrèk sanès ingkang sami manembah
dhateng Gusti Allah ing panggènan
menika. Kula aturi midhangetaken atur
kula.
17 Gusti Allah, inggih Allahipun bangsa
Israèl, sampun milih leluhur kita lan
damel bangsa menika dados ageng,

nalika bangsa menika ngawula ing
tanah Mesir. Gusti Allah ngluwari bangsa
menika saking tanah Mesir, srana
pangwasanipun ingkang ageng,
18 mekaten ugi nyabari bangsa menika
kawandasa taun laminipun wonten ing
ara-ara samun.
19 Gusti Allah wau sampun nyirnakaken
bangsa pitu ing tanah Kenaan, sarta
ndadosaken negari menika dados tanah
pusakanipun bangsa Israèl,
20 ngantos kawan atus sèket taun
laminipun. Sasampunipun menika Gusti
Allah maringaken hakim-hakim ngantos
dumugi jamanipun Nabi Samuèl.
21 Inggih menika nalika para leluhur wau
sami nyuwun kaparingan ratu. Nalika
semanten Gusti Allah maringaken Saul,
anakipun Kis, saking taler Bènyamin,
dados ratu, laminipun kawan dasa taun.
22 Sasampunipun Saul dipun tampik
déning Gusti Allah, lajeng Dawud
kaangkat déning Gusti Allah dados
raja. Pangandikanipun: ‘Wong sing kaya
Dawud, anaké Isai iki, Aku rena ing
galih, wong kuwi sing nglakoni kersa-Ku.’
23 Gusti Yésus menika tedhakipun Sang
Prabu Dawud. Lan Gusti Allah sampun

ngersakaken Gusti Yésus dados Juru
Wilujengipun bangsa Israèl, manut
prejanjianipun Gusti Allah piyambak.
24 Sadèrèngipun Gusti Yésus rawuh,
Nabi Yohanes Pembaptis ngatag-atag
tiyang Israèl sedaya, supados sami
mratobat, lan puruna dipun baptis.
25 Ngajengaken rampunging
pedamelanipun, Nabi Yohanes Pembaptis
wau ndangu dhateng tiyang-tiyang ing
ngriku: ‘Aku iki kokarani sapa? Aku
iki dudu sing kokanti-anti! Delengen!
Sapungkurku bakal ana Wong sing
rawuh, mbok nguculi trumpahé waé aku
ora pantes.’
26 Para sedhèrèk, tedhakipun Rama
Abraham, tuwin sedaya bangsa, ingkang
sami manembah dhateng Gusti Allah:
Pawartos kabingahan menika sampun
kawartosaken dhateng kita.
27 Tiyang-tiyang ing kitha Yérusalèm
tuwin para pinisepuhipun sami mboten
mangertos, bilih inggih Gusti Yésus
menika Sang Juru Wilujeng. Tiyang-
tiyang wau mboten sami mangertos
dhateng pangandikanipun para nabi,
senajan pangandika wau sami dipun
waos pendhak dinten Sabbat. Tiyang-

tiyang wau sami nglepataken Gusti
Yésus, lan srana mekaten kelampahan
menapa ingkang dipun weca déning para
nabi.
28 Senajan sami mboten gadhah alesan
menapa-menapa kanggé ndhawahaken
ukuman pejah dhateng Gusti Yésus,
éwasemanten tiyang-tiyang wau sami
nyuwun dhateng Gubernur Pilatus,
supados Gusti Yésus dipun sédani.
29 Sasampunipun tiyang-tiyang wau
nglampahi sedaya ingkang kaserat ing
Kitab Suci, layonipun Gusti Yésus lajeng
kaandhapaken saking kajeng salib, lan
dipun sarèkaken wonten ing kubur.
30 Nanging Gusti Allah mungokaken
Gusti Yésus saking séda,
31 lan ngantos sawetawis dinten
Gusti Yésus ngetingal dhateng para
muridipun, ingkang suwau ndhèrèkaken
Panjenenganipun mider-mider ndlajahi
tanah Galiléa, ngantos dumugi kitha
Yérusalèm. Inggih tiyang-tiyang menika
ingkang samenika sami dados seksi-
seksinipun Gusti Yésus dhateng bangsa
Israèl.
32 Dhateng kula ing ngriki saprelu
ngabaraken Injil, inggih kabar

kabingahan menika, dhateng
panjenengan sedaya, bilih menapa
ingkang kajanjèkaken déning Gusti Allah
dhateng para leluhur kita,
33 sampun dipun leksanani, srana
anggènipun mungokaken Gusti Yésus
saking séda. Wonten ing Kitab Masmur,
bab kalih, wonten seratan mekaten:
‘Kowé kuwi anak-Ku; ing dina iki Aku
dadi Rama-Mu.’
34 Lan bab Gusti Allah anggènipun
mungokaken Gusti Yésus saking séda,
supados badanipun mboten ngalami
risak, wonten seratan mekaten: ‘Aku
bakal maringaké marang kowé janji-janji
suci, sing kena diugemi, sing wis
Dakjanjèkaké marang Dawud.’
35 Mila, wonten ing bagian sanès
kaserat mekaten: ‘Paduka mboten badhé
négakaken abdi Paduka ingkang setya,
ngalami risak.’
36 Sang Prabu Dawud nalika sugengipun
pancèn nglampahi kersanipun Gusti
Allah, lajeng séda lan dipun sarèkaken
nunggil kaliyan para leluhuripun, sarta
layonipun ngalami risak.
37 Nanging tiyang ingkang layonipun
mboten ngalami risak menika namung

Gusti Yésus, ingkang kawungokaken
déning Gusti Allah saking séda.
38 Pramila panjenengan wajib
sami pirsa, bilih inggih lantaran
Gusti Yésus menika pawartos bab
pangapuntening dosa kawartosaken
dhateng panjenengan.
39 Saben tiyang ingkang pitados
dhateng Gusti Yésus, dipun
bébasaken saking dosanipun sedaya.
Pembébasanipun dosa ingkang kados
mekaten menika mboten saged
panjenengan tampèni saking Torètipun
Nabi Musa.
40 Mila kula aturi ngatos-atos, supados
panjenengan sampun ngantos ngalami
kados pangandikanipun para nabi,
ingkang mekaten:
41 ‘Rungokna, hèh wong sing dhemen
memoyok lan ngrèmèhaké. Kowé bakal
kaéraman nuli lebur! Sebab kowé bakal
ora padha precaya, marang pegawéan
sing Daktindakaké ing jaman saiki,
senajan ana wong sing nerangaké
marang kowé.’"
42 Bareng Rasul Paulus lan Barnabas
padha metu saka sinagogé mau, wong-
wong Yahudi padha njaluk supaya Rasul

Paulus lan Barnabas ing dina Sabbat
candhaké teka menèh, lan mbacutaké
mènèhi ketrangan bab piwulangé mau.
43 Sabubaré kumpulan, akèh wong
Yahudi lan wong liyané sing nganut
agama Yahudi, padha precaya marang
piwulangé Rasul Paulus lan Barnabas.
Rasul-rasul kuwi padha ngatag-atag,
supaya wong-wong mau padha lestari
urip ing sajroning sih-kamirahané Gusti
Allah.
44 Ing dina Sabbat candhaké, mèh
kabèh wong ing kutha kono padha
mrelokaké teka ing sinagogé, prelu
ngrungokaké pangandikané Gusti Allah.
45 Nanging bareng wong-wong Yahudi
padha weruh wong akèh mau, nuli padha
mèri lan panas atiné. Wong-wong mau
nuli padha madoni lan ngala-ala Rasul
Paulus.
46 Nanging Rasul Paulus lan Barnabas
enggoné sesorah malah saya kendel, lan
kandha mengkéné: "Pangandikanipun
Gusti Allah menika ingkang rumiyin
piyambak pancèn kawartosaken dhateng
panjenengan. Nanging sarèhning
panjenengan sami nampik pangandika
wau, lan rumaos mboten pantes

nampèni gesang langgeng menika, mila
panjenengan sami kula tilar, lan kula
badhé murugi bangsa sanès, ingkang
sami mboten wanuh dhateng Gusti Allah.
47 Sebab dhawuhipun Pangéran dhateng
kula mekaten: ‘Kowé wis Daktetepaké
dadi pepadhang tumrap bangsa-bangsa
sing ora wanuh marang Gusti Allah,
supaya kowé dadi marganing keslametan
tumrap para umat kabèh.’"
48 Wong-wong dudu Yahudi, sing padha
krungu tembungé para rasul mengkono
mau padha bungah-bungah lan padha
ngluhuraké pangandikaning Pangéran.
Wong-wong sing pancèn wis ditemtokaké
tampa urip langgeng, nuli iya padha
precaya.
49 Pangandikané Gusti Allah sumebar
tekan ngendi-endi, wrata satanah kono
kabèh.
50 Nanging wong-wong Yahudi padha
ngojok-ojoki para penggedhéné kutha
kono, lan para wong wadon dudu Yahudi
sing kajèn ana ing masarakat, sarta sing
padha manjing agama Yahudi, supaya
padha nganiaya marang Rasul Paulus lan
Barnabas, sarta nundhung para rasul
mau metu saka tanah kono.

51 Para rasul nuli ngetabaké bledug sing ana ing sikilé, ana ing ngarepé wong akèh mau, sarta lunga menyang kutha Ikonium.
52 Nanging para murid sing ana ing kutha Antiokia kono padha bungah banget lan padha kapenuhan ing Roh Suci.

14 1 Pengalamané para rasul ana ing kutha Ikonium ora béda karo nalika ana ing kutha Antiokia. Ana ing kutha Ikonium Rasul Paulus lan Barnabas uga padha mlebu ing sinagogé, sarta martakaké pangandikané Gusti Allah, nganti akèh wong-wong Yahudi lan wong-wong dudu Yahudi sing padha precaya.
2 Nanging wong-wong Yahudi sing padha ora gelem precaya, nuli padha ngojok-ojoki marang wong-wong sing dudu Yahudi, nganti wong-wong mau banjur padha nglawan marang para rasul.
3 Para rasul suwé ana ing kutha kono. Klawan kendel para rasul mau neksèni bab Gusti Yésus, mangka Gusti Allah neksèni yèn pawartané para rasul bab katresnané Gusti, kuwi bener,

srana maringi pangwasa marang para
rasul nindakaké mujijat-mujijat lan
kaélokan-kaélokan.
4 Para warganing kutha kono pecah dadi
loro, ana sing ngiloni wong Yahudi, lan
ana sing ngiloni para rasul.
5 Wong-wong Yahudi lan para
pinituwané, sarta wong-wong dudu
Yahudi, padha sekuthon arep nganiaya
lan mbenturi watu marang para rasul.
6 Bareng para rasul krungu bab iku
mau, nuli padha nyingkir menyang
kutha Listra lan kutha Dèrbé, yakuwi
kutha-kutha ing tanah Likaonia, lan
menyang wilayah sakiwa-tengené.
7 Ana ing kono para rasul mau padha
ngabaraké Injil.
8 Ana ing kutha Listra ana wong sing
sikilé lumpuh wiwit lair mula, lan durung
tau bisa mlaku.
9 Wong mau ngrungokaké piwulangé
Rasul Paulus. Rasul Paulus ngerti, yèn
wong kuwi bisa waras, merga wong mau
precaya. Mulané Rasul Paulus mandeng
wong mau,
10 lan klawan swara sora ngandika:
"Ngadega!" Wong mau nuli ngadeg
maknyat lan wiwit mlaku-mlaku.

11 Bareng wong akèh ndeleng apa sing
ditindakaké déning Rasul Paulus mau,
nuli padha nguwuh-uwuh klawan sora
nganggo basa Likaonia: "Delengen,
déwa-déwa wis padha dadi manungsa
kaya kita, lan padha mudhun marani
kita!"
12 Barnabas disebut Zéus, lan Rasul
Paulus disebut Hèrmes, sebab Rasul
Paulus sing caturan.
13 Imamé Déwa Zéus, sing kuilé ana ing
sanjabané kutha, teka nggawa sapi-sapi
lan kekembangan ana ing gapuraning
kutha. Imam lan wong akèh kuwi arep
padha nyaosaké kurban marang para
rasul mau.
14 Bareng Barnabas lan Paulus padha
krungu apa sing arep ditindakaké déning
wong-wong mau, banjur padha nulak,
srana nyuwèk-nyuwèk sandhanganė,
sarta mlayu marani wong akèh mau karo
nguwuh-uwuh:
15 "Kénging menapa panjenengan sami
tumindak mekaten, para sedhèrèk? Kula
rak manungsa limrah, mboten béda
kaliyan panjenengan sedaya. Dhateng
kula mriki badhé ngabaraken Injil,
supados panjenengan sami katuntuna,

nilar brahala-brahala ingkang mboten
nyata menika, sarta mratobat dhateng
Gusti Allah ingkang gesang, ingkang
nitahaken langit lan bumi, saganten lan
saisinipun sedaya.
16 Ing jaman ingkang sampun
kepengker, Gusti Allah ngèndelaken
kémawon para bangsa sami mlampah
ngambah marginipun piyambak-
piyambak.
17 Kesaénanipun Gusti Allah menika
ketitik saking anggènipun maringi
jawah saking langit sarta panèn miturut
mangsanipun. Panjenenganipun maringi
tedha dhateng panjenengan, lan
maringi kabingahan dhateng manah
panjenengan."
18 Senajan wis dikandhani mengkono,
éwasemono para rasul kangèlan bisané
nyegah wong-wong mau padha nyaosaké
kurban marang para rasul.
19 Ana wong Yahudi sawetara sing
padha teka saka kutha Antiokia, ing
tanah Pisidia, uga saka kutha Ikonium,
padha ngojok-ojoki wong akèh mau,
supaya ngiloni wong-wong mau. Rasul
Paulus nuli padha dibenturi watu, lan

disèrèd, digawa metu saka kutha, awit
dikira rasul mau wis mati.
20 Nanging bareng wong sing precaya
padha teka mrono, Rasul Paulus nuli
ngadeg lan bali mlebu menyang kutha
menèh. Ésuké Rasul Paulus lan Barnabas
mangkat menyang kutha Dèrbé.
21 Ing kutha Dèrbé Rasul Paulus lan
Barnabas uga ngabaraké Injil, lan akèh
wong ing kono sing padha dadi muridé
Gusti Yésus. Sawisé kuwi para rasul mau
nuli padha bali menyang kutha Listra,
Ikonium, lan Antiokia, ing tanah Pisidia.
22 Para rasul ana ing kutha-kutha mau
nggemblèng semangaté para wong
precaya, supaya padha kendel, sarta
ngatag-atag wong-wong mau, karebèn
padha mantep ing precaya, tembungé:
"Sadurungé kita bisa ngrasakaké
karaharjaning Kratoné Gusti Allah, kita
luwih dhisik kudu nglakoni kasangsaran
akèh."
23 Ana ing saben pasamuwan kono
para rasul padha netepaké pinituwa-
pinituwané pasamuwan-pasamuwan
mau. Para pinituwa-pinituwa kuwi nuli
dicaosaké marang Gusti Allah, sing dadi
andel-andelé, srana pandonga lan pasa.

24 Sawisé Rasul Paulus lan Barnabas
ndlajahi tanah Pisidia, banjur bali menèh
menyang tanah Pamfilia.
25 Ing kono para rasul padha ngabaraké
Injil ing kutha Pèrga, nuli padha mangkat
menyang kutha Atalia.
26 Saka kono banjur padha bali
menyang kutha Antiokia, yakuwi kutha
panggonané para rasul biyèn ditetepaké
dadi rasul déning Gusti Allah awit saka
sih-rahmaté, supaya nglakoni ayahan,
sing saikiné wis rampung.
27 Satekané ing kutha Antiokia, para
rasul mau nuli nglumpukaké pasamuwan
ing kono, nyritakaké sakèhing lelakon
sing wis katindakaké déning Gusti Allah
lantaran para rasul mau. Semono uga
bab enggoné Gusti Allah wis maringi
wewengan marang wong-wong dudu
Yahudi, supaya uga dadi wong precaya.
28 Ana ing pasamuwan mau para rasul
lerem kepara suwé.

15 1 Ana wong Yudéa sawetara sing
padha teka ing kutha Antiokia.
Wong-wong mau padha memulang
marang sedulur-sedulur Kristen ing
kutha Antiokia kono, yèn ora bakal bisa

slamet, menawa ora padha ditetaki
miturut Torèté Nabi Musa.
2 Piwulang mau njalari padu ramé
ing antarané wong-wong saka tanah
Yudéa mau karo Rasul Paulus lan
Barnabas. Wekasané diputus, supaya
Rasul Paulus lan Barnabas, tuwin sedulur
sawetara saka kutha Antiokia kono,
padha menyang kutha Yérusalèm,
prelu ngrembug perkara mau karo para
pinituwa ing kana.
3 Wong-wong sing padha diutus mau
diuntabaké déning pasamuwan. Lakuné
para utusan mau ngliwati tanah Fénisia
lan tanah Samaria. Sedalan-dalan padha
nyritakaké wong-wong dudu Yahudi sing
padha precaya. [Lan ngakoni Gusti Yésus
dadi Gustiné.] Pawarta mau banget gawé
bungahé para sedulur ing kono.
4 Satekané ing kutha Yérusalèm,
para utusan mau ditampani déning
pasamuwan, déning para rasul lan
para pinituwa. Para utusan nuli padha
nyritakaké samubarang sing wis
ditindakaké déning Gusti Allah lantaran
Rasul Paulus lan Barnabas.
5 Wong Farisi sawetara, sing wis dadi
muridé Gusti Yésus, nuli ngadeg lan

kandha: "Tiyang-tiyang sanès Yahudi, ingkang dados Kristen, menika kedah dipun tetaki, sarta wajib manut dhateng Torètipun Nabi Musa."
6 Para rasul lan para pinituwa nuli padha ngrembug prekara mau.
7 Sawisé suwé enggoné padha bebantahan, Rasul Pétrus nuli ngadeg lan muni mengkéné: "Para sedhèrèk, panjenengan sami pirsa, kadospundi enggènipun Gusti Allah kala rumiyin sampun milih kula saking antawis panjenengan sedaya, kapurih ngabaraken Injil dhateng tiyang-tiyang sanès Yahudi, supados tiyang-tiyang wau inggih sami mireng pawartos menika, tuwin sami pitados.
8 Gusti Allah ingkang pirsa batosipun manungsa, sampun nélakaken, bilih Panjenenganipun kersa nampèni tiyang-tiyang sanès Yahudi, srana maringaken Sang Roh Suci dhateng tiyang-tiyang wau, sami kados ingkang kaparingaken dhateng kita.
9 Gusti Allah babar-pisan mboten mbédak-mbédakaken tiyang-tiyang sanès Yahudi kaliyan kita. Gusti Allah nucèkaken manahipun tiyang-tiyang

wau, margi tiyang-tiyang wau sami
pitados.
10 Menawi mekaten, kénging menapa
panjenengan sami nglawan dhateng
Gusti Allah, srana nyukani momotan
dhateng tiyang-tiyang menika. Inggih
menika momotan, ingkang para leluhur
kita lan kita piyambak mboten kiyat
nyanggi.
11 Sampun ngantos! Awit kita sami
pitados lan dipun wilujengaken
adhedhasar sih-rahmatipun Gusti Yésus,
mekaten ugi tiyang-tiyang sanès Yahudi
menika."
12 Wong sing ngumpul ana ing
kono padha meneng kabèh nalika
ngrungokaké critané Barnabas lan
Rasul Paulus, bab mujijat-mujijat sing
wis ditindakaké déning Gusti Allah ing
antarané wong-wong dudu Yahudi,
lantaran rasul loro mau.
13 Sawisé kuwi Rasul Yakobus nuli
kandha mengkéné: "Para sedhèrèk! Kula
aturi mirengaken atur kula.
14 Nembé kémawon Simon (Rasul
Simon Pétrus) nyariyosaken, bilih Gusti
Allah salebetipun nyengker bangsa
setunggal kagem Panjenenganipun

piyambak, wiwit-wiwitan mila inggih
sampun ngetingalaken sih-rahmatipun
dhateng tiyang-tiyang sanès Yahudi.
15 Prekawis menika cocog kaliyan
pangandikanipun para nabi, kados
ingkang suraosipun:
16 ‘Sawisé mengkono Aku bakal bali,
sarta mbangun menèh omahé Dawud,
sing wis rubuh, lan jugrugané bakal
Dakdandani, lan Daksantosakaké
menèh,
17 supaya wong liyané, sing dudu
Yahudi, kabèh padha nggolèki Aku,
yakuwi sakèhing wong sing ora wanuh
marang Aku, sing wis Daktimbali dadi
kagungan-Ku.’
18 Mengkono pangandikané Pangéran,
sing wis nindakaké kuwi mau kabèh
wiwit-wiwitan mula."
19 "Miturut pemanggih kula," mengkono
Rasul Yakobus nerusaké rembugé,
"mboten samesthinipun, menawi kita
sami damel sisahipun para sedhèrèk
sanès Yahudi, ingkang sami mratobat
dhateng Gusti Allah.
20 Prayoginipun kita damel serat
kémawon, ingkang wosipun, suka
pamrayogi dhateng sedhèrèk-sedhèrèk

wau, supados mboten sami nedha
tetedhan ingkang najis, inggih menika
nedha sesajèning brahala; mekaten ugi
supados mboten sami nedha daginging
kéwan, ingkang pejahipun srana dipun
tekak; sampun ngantos sami nedha rah;
kaliyan malih supados sami nyingkiri
lampah jina.
21 Awit Torètipun Nabi Musa wiwit
rumiyin, pendhak dinten Sabbat sampun
kawaosaken wonten ing sinagogé-
sinagogé ing saenggèn-enggèn."
22 Para rasul, para pinituwa lan para
wargané pasamuwan nuli mutus, milih
wong sawetara saka ing antarané
wong sing padha mèlu ing pirembugan
mau, diutus menyang kutha Antiokia,
bebarengan karo Rasul Paulus lan
Barnabas. Sing dipilih Yudas, sing uga
karan Barsabas, lan Silas — wong loro
mau diéringi banget déning para sedulur
ing kono. —
23 Para utusan mau dikon ngeteraké
layang sing uniné mengkéné: "Salam
saka aku para sedulurmu, para rasul lan
para pinituwa. Layang iki daktujokaké
marang para sedulurku kabèh sing dudu
Yahudi, sing padha manggon ana ing

kutha Antiokia, lan ing tanah Siria lan
ing tanah Kilikia.
24 Aku padha krungu yèn ana wong
sawetara saka ing antaraku sing padha
gawé susahmu lan gawé bingungmu,
merga piwulang piwulangé. Mangka
karepku ora mengkono.
25 Mulané aku banjur padha nganakaké
pirembugan, lan netepaké kongkonan
wong loro, yakuwi Yudas lan Silas,
supaya nemoni kowé kabèh. Wong loro
mau bakal mangkat bebarengan karo
Barnabas lan Paulus.
26 Yakuwi wong sing padha ngetohaké
nyawané kagem Gusti kita, Yésus
Kristus.
27 Para sedulur sing padha dakkongkon
mau, bakal nerangaké dhéwé marang
kowé kabèh, padha kaya sing wis
daktulis ana ing layang iki.
28 Roh Suci lan aku kabèh wis padha
tunggal panemu, yèn ora bakal padha
gawé susahmu, lan mènèhi momotan
ngluwihi apa mesthiné,
29 yakuwi kowé aja padha mangan
panganan, sing dienggo sajèné brahala;
aja mangan getih, aja mangan kéwan
sing matiné srana ditekak; lan padha

nyingkirana laku jina. Yèn kowé padha
nggatèkaké lan nyingkiri prekara-prekara
mau wis cukup. Salam pandongaku
padha tampanana."
30 Para utusan nuli padha pamitan,
sarta mangkat menyang kutha Antiokia.
Ana ing kono para wargané pasamuwan
kabèh nuli dikumpulaké, lan layang mau
ditampakaké.
31 Bareng padha maca layang mau,
wong-wong sapasamuwan padha bungah
banget, merga rumangsa olèh panglipur.
32 Yudas lan Silas — loro-loroné nabi
— guneman nganti suwé karo para
sedulur ing kono. Wong-wong mau
padha digemblèng imané, supaya padha
mundhak kendel.
33 Sawisé padha ana ing kono sawetara
suwéné, Yudas lan Silas banjur padha
dililani bali digawani salam kanggo
wong-wong sing padha ngutus mau.
34 [Nanging Silas tetep manggon ana
ing kono.]
35 Rasul Paulus lan Barnabas padha
lerem wetara suwé ana ing kutha
Antiokia kono. Bebarengan karo wong
akèh, para rasul mau padha memulang
lan martakaké pangandikané Gusti Allah.

36 Ora antara suwé Rasul Paulus kandha
karo Barnabas: "Ayo padha tilik para
sedulur ing saben kutha, sing wis kita
wartani pangandikané Gusti Allah, prelu
ngaruhaké kaananané para sedulur mau."
37 Barnabas kepéngin ngajak Yohanes
Markus,
38 nanging Rasul Paulus ora rujuk, yèn
Markus diajak, awit tau ninggal wong
loro mau ana ing tanah Pamfilia, lan
Markus kuwi ora tumemen enggoné
mbiyantu nganti sarampungé pegawéan.
39 Prekara mau marakaké padu ramé,
nganti pungkasané Rasul Paulus lan
Barnabas padha pepisahan. Barnabas
ngajak Markus, banjur nunggang prau
menyang Siprus.
40 Rasul Paulus ngajak Silas. Sawisé
Rasul Paulus lan Silas mau padha
dipasrahaké déning pasamuwan ana ing
sih-kamirahané Gusti Allah.
41 Nuli padha mangkat, ndlajahi tanah
Siria lan Kilikia, nyantosakaké imané
pasamuwan-pasamuwan sing ana ing
kono.

16 1 Rasul Paulus nerusaké lakuné
menyang kutha Dèrbé lan Listra.
Ing kono ana wong precaya, jenengé

Timotius. Ibuné wong Yahudi, uga wong
precaya nanging bapakné wong Yunani.
2 Kabèh wong precaya ing kutha Listra
lan Ikonium padha neksèni, yèn Timotius
kuwi wong becik.
3 Rasul Paulus kepéngin supaya
Timotius mau dadi kanthiné, mulané nuli
ditetaki, sebab saben wong wis ngerti,
yèn bapakné Timotius kuwi wong Yunani.
4 Ing saben kutha sing ditekani,
Rasul Paulus ngandhakaké marang
pasamuwan-pasamuwan bab keputusan-
keputusan sing wis ditetepaké déning
para rasul lan para pinituwa ing
kutha Yérusalèm, lan ngatag supaya
putusan-putusan mau padha ditetepi.
5 Srana mengkono pasamuwan-
pasamuwan mau imané disantosakaké,
lan cacahé wargané saben dina terus
mundhak-mundhak.
6 Sarèhné Sang Roh Suci ora marengaké
Rasul Paulus sakancané ngabaraké Injil
ana ing wilayah Asia Cilik, wong telu
mau nuli padha ndlajahi tanah Frigia lan
Galatia.
7 Bareng padha tekan tapel watesé
Misia, wong-wong mau padha nyoba

arep mlebu ing tanah Bitinia, nanging
Rohé Gusti Yésus ora marengaké.
8 Mulané wong-wong mau nuli padha
nerusaké lakuné menyang kutha Troas,
metu tanah Misia.
9 Bengi kuwi Rasul Paulus pirsa
tetingalan ana wong Makédonia ngadeg
karo kandha: "Kula aturi rawuh dhateng
tanah Makédonia lan nulungi kula
sedaya."
10 Bareng Rasul Paulus olèh wahyu
mau, aku[a] padha duwé panemu, yèn
Gusti Allah nimbali aku sakanca supaya
ngabaraké Injil marang wong-wong
Makédonia. Aku nuli padha tata-tata,
banjur mangkat menyang tanah
Makédonia.
11 Aku sakanca banjur padha mangkat,
nunggang prau saka kutha Troas,
nyabrang menyang pulo Samotraké,
lan ésuké nerusaké menyang kutha
Néapolis.
12 Saka kono aku padha ngener
menyang kutha Filipi, yakuwi kutha
kawitan ing wilayah Makédonia. Kutha
Filipi kuwi kutha sing dienggoni wong-

---

[a]aku: Lukas, ingkang nganggit serat Para Rasul menika.

wong Rum. Aku padha nginep ana ing
kutha kono sawetara dina.
13 Mbeneri dina Sabbaté wong Yahudi,
aku padha metu saka kutha menyang
pinggiring kali, awit aku padha ngira,
yèn ana ing kono ana sinagogé, papan
pangibadahé wong Yahudi. Aku padha
lungguh omong-omongan karo para
wong wadon sing padha ana ing kono.
14 Ing antarané wong-wong wadon
sing mèlu ngrungokaké mau, ana sing
jenengé Lidhia, saka kutha Tiatira, bakul
kain wungu. Lidhia kuwi wong sing
ngabekti marang Gusti Allah, mulané
Gusti Allah kepareng ngosikaké atiné,
nganti wong mau nampani piwulangé
Rasul Paulus.
15 Lidhia sabrayat nuli dibaptis.
Banjur kandha, tembungé: "Menawi
panjenengan sami yakin, bilih kula
sampun pitados dados kagunganipun
Gusti Yésus, sumangga panjenengan
kula aturi pinarak ing griya kula."
Sarèhné adreng penjaluké, aku nuli
padha menyang omahé.
16 Ing sawijining dina, nalika aku
lagi padha menyang sinagogé, aku
padha kepethuk karo wong wadon,

batur-tukon, sing kepanjingan dhemit
préwangan. Wong mau bisa nyritakaké
prekara-prekara sing bakal kelakon,
njalari para bendarané olèh keuntungan
gedhé, srana enggoné methèk nasibé
wong-wong.
17 Wong wadon mau ngetutaké Rasul
Paulus lan aku kabèh karo bengok-
bengok, tembungé: "Wong-wong iki
abdiné Allah sing mahaluhur! Tekané
mréné arep ngandhani kowé, kepriyé
bisané kowé padha olèh keslametan!"
18 Nganti pirang-pirang dina lawasé
wong mau terus-terusan bengok-bengok
kaya mengkono, temah Rasul Paulus
nepsu banget, nuli minger sarta
nundhung dhemité préwangan mau.
"Atas asmané Gusti Yésus, kowé
daktundhung metu saka wong wadon
kuwi!" Sanalika iku uga dhemit mau
metu saka wong wadon mau.
19 Bareng para majikané weruh, yèn wis
ora ana pengarep-arep menèh bisané
olèh kauntungan saka olèhé ngingu
préwangan mau, nuli padha nyekel
Paulus lan Silas. Wong loro mau padha
disèrèd, digawa menyang alun-alun,

kaladèkaké marang penggedhéné kutha
kono.
20 Para penggedhéné kutha mau nuli
ngladèkaké wong loro mau marang para
penggedhéné pepréntahan Rum ing
kutha kono, aturé: "Tiyang kalih menika
tiyang Yahudi, ingkang sami damel gègèr
wonten ing kitha ngriki.
21 Tiyang-tiyang menika sami
mulangaken adat tata cara ingkang
cengkah kaliyan prenatan kula sedaya.
Kula sedaya menika warga negari Rum
lan mboten purun menawi kapurih
nganut adat-adat menika!"
22 Wong akèh uga padha mèlu-mèlu
ndakwa. Para pegawéné krajan Rum
nuli nyuwèk-nyuwèk sandhanganè Rasul
Paulus lan Silas, sarta akon supaya wong
loro mau dipecuti.
23 Sawisé kuwi wong loro mau nuli
dilebokaké ing pakunjaran, sarta
pegawéné pakunjaran dipréntah supaya
wong loro mau dijaga sing keras.
24 Sarèhné dipréntah mengkono,
mulané kepala pakunjaran mau nuli
nglebokaké Rasul Paulus lan Silas ana
ing sèl pakunjaran sing njero dhéwé;
sikilé padha dibelok.

25 Bareng kira-kira tengah wengi Rasul
Paulus lan Silas padha ndedonga lan
padha menyanyi, memuji marang Gusti
Allah. Wong-wong tahanan liyané padha
ngrungokaké enggoné wong loro mau
padha memuji.
26 Dumadakan ana lindhu gedhé, nganti
pondhasiné pakunjaran jebol, lawangé
pakunjaran menga, lan ranté-ranté sing
kanggo mblenggu wong tahanan padha
ucul.
27 Kepalané pakunjaran tangi,
lan bareng weruh lawang-lawangé
pakunjaran menga, wong mau ngira
yèn wong tahanan kabèh wis padha
mlayu. Wong mau ngunus pedhangé,
arep nglalu.
28 Nanging Rasul Paulus mbengok
sarosané: "Sampun nglalu pak, kula
sedaya taksih sami wonten ing ngriki!"
29 Kepala pakunjaran nuli njaluk lampu
lan mlebu ing pakunjaran. Wong mau
klawan gumeter sumungkem ana ing
ngarepé Rasul Paulus lan Silas.
30 Kepala pakunjaran banjur ngajak
metu wong loro mau, karo kandha:
"Bapak-bapak! Menapa ingkang kedah

kula lampahi, supados manggih
kawilujengan?"
31 Wangsulané Rasul Paulus lan
Silas: "Pitadosa dhateng Gusti Yésus,
panjenengan mesthi badhé wilujeng,
inggih panjenengan, inggih brayat
panjenengan!"
32 Rasul Paulus lan Silas banjur
nerangaké pangandikané Gusti Allah
marang kepala pakunjaran mau lan
sabrayaté kabèh.
33 Sanalika, bengi kuwi uga Rasul
Paulus lan Silas diajak menyang omahé
kepala pakunjaran. Tatu-tatuné Rasul
Paulus lan Silas nuli ditambani. Sawisé
kuwi kepala pakunjaran sarta brayaté
kabèh padha dibaptis.
34 Rasul Paulus lan Silas nuli disuguh
mangan. Kepala pakunjaran dalah
brayaté padha bungah banget, sebab
saiki wis padha dadi kagunganė Gusti
Allah.
35 Ésuké para pegawé krajan
Rum padha ngutus polisi menyang
pakunjaran, dipréntah mengkéné:
"Wong-wong loro kuwi luwarana."
36 Kepalané pakunjaran nuli nerusaké
préntah mau marang Rasul Paulus:

"Kula ngaturaken sugeng tindak, sebab
para pengageng krajan Rum sampun
dhawuh supados panjenengan sami
dipun luwari."
37 Nanging Rasul Paulus kandha karo
polisi sing nggawa préntah mau: "Tanpa
dipun priksa kula sami dipun pecuti ing
ngajengipun tiyang kathah, mangka
kula menika warga negari Rum! Kula
sami dipun lebetaken ing pakunjaran;
samenika kula dipun purih késah
mekaten kémawon kalayan sidheman?
Mboten! Para pengageng pepréntahan
Rum piyambak supados sami mriki
ngluwari kula kekalih."
38 Polisi mau nglapuraké marang
penggedhéné pepréntahan Rum. Bareng
krungu yèn Rasul Paulus lan Silas kuwi
warga negara Rum, para penggedhé
mau padha wedi banget,
39 lan énggal-énggal padha teka ing
pakunjaran, njaluk ngapura. Sawisé
kuwi para penggedhé mau ngirid Rasul
Paulus lan Silas metu saka pakunjaran,
sarta njaluk supaya wong loro mau lunga
saka kutha kono.
40 Rasul Paulus lan Silas nuli marani
omahé Lidhia. Ana ing kono padha

ketemu karo para sedulur liyané. Sawisé mituturi sing gawé santosaning precayané para sedulur ing kono, Rasul Paulus lan Silas nuli padha mangkat.

17 1 Rasul Paulus lan Silas nuli nrabas liwat kutha Amfipolis lan kutha Apolonia, tekan kutha Tésalonika. Ing Tésalonika kono ana sinagogé, papan pangibadahé wong Yahudi.

2 Kaya padatan, Rasul Paulus nuli mlebu mrono, lan nganti telung Sabbat terus-terusan wawancara karo para wargané sinagogé kono bab ayat-ayating Kitab Suci.

3 Rasul Paulus napsir ayat-ayat mau lan mbuktèkaké, yèn Sang Kristus kuwi prelu nandhang sangsara lan kawungokaké saka ing séda, tembungé: "Gusti Yésus ingkang kula wartosaken dhateng panjenengan, menika Sang Mèsias!"

4 Ana wong sing padha yakin, banjur padha mèlu Rasul Paulus lan Silas; semono uga akèh wong-wong Yunani sing biyèn nganut agama Yahudi, apa déné para wong wadon, bangsa luhur, ora sethithik sing padha precaya.

5 Weruh wong akèh padha dadi Kristen mau, wong-wong Yahudi padha panas atiné. Nuli padha nglumpukaké wong glandhangan supaya gawé ontran-ontran, nganti sakutha kabèh gègèr. Wong-wong mau padha mlebu ing omahé Yason, sing dipondhoki Rasul Paulus lan Silas, padha nggolèki Rasul Paulus lan Silas, arep diladèkaké marang kumpulané warga kutha.
6 Bareng Rasul Paulus lan Silas ora ketemu, wong-wong mau banjur nyèrèd Yason lan wong precaya sawetara, disowanaké marang penggedhéné kutha kono, karo muni: "Tiyang-tiyang menika wonten ing pundi-pundi damel kisruh, lan samenika dhateng mriki,
7 dipun tampèni déning Yason. Tiyang-tiyang wau sami nerak undhang-undhangipun Kaisar ing Rum, awit sami sanjang bilih wonten ratu sanèsipun, ingkang nama Yésus."
8 Tembung mengkono mau gawé gègèré wong akèh lan para penggedhéné kutha.
9 Para penggedhé mau akon Yason lan kanca-kancané mbayar dhuwit dhendhan. Sawisé kuwi lagi padha dieculaké.

10 Benginé para sedulur padha akon
Rasul Paulus lan Silas lunga menyang
kutha Béréa. Satekané ing kono, Rasul
Paulus lan Silas nuli padha nggolèki
sinagogé, panggonan ngibadahé wong
Yahudi.
11 Wong-wong Yahudi ing kutha kono
wawasané luwih jembar ketimbang
karo wong Yahudi ing kutha Tésalonika.
Wong-wong Yahudi ing kutha Béréa
padha seneng ngrungokaké piwulang
sing diwartakaké déning Rasul Paulus
lan Silas. Saben dina padha maca Kitab
Suci, supaya ngerti apa piwulangé Rasul
Paulus kuwi bener apa ora.
12 Akèh ing antarané wong mau sing
nuli padha precaya. Akèh para wong
Yunani, saka golongan luhur, sing padha
precaya. Semono uga ora sethithik
kaum priya padha mlebu dadi warganing
pasamuwan Kristen.
13 Kocapa, bareng wong Yahudi ing
kutha Tésalonika padha krungu, yèn
Rasul Paulus lan Silas mulangaké
pangandikané Gusti Allah ana ing Béréa,
banjur padha teka mrono, ngojok-ojoki
lan ngobong atiné wong akèh sing padha
ngumpul ana ing kono.

14 Mulané wong-wong nuli énggal-
énggal ngeteraké Rasul Paulus menyang
pesisiré segara, nanging Timotius lan
Silas kari ana ing Béréa kono.
15 Sawisé tekan kutha Aténa, wong-
wong mau padha bali menèh menyang
Béréa, karo diweling déning Rasul
Paulus, supaya Silas lan Timotius dikon
énggal nusul.
16 Sajroné ngentèni tekané Silas lan
Timotius, Rasul Paulus prihatin weruh
brahala-brahala sing akèhé presasat
ngebaki kutha Aténa mau.
17 Ana ing sinagogé, papan pangibadahé
wong Yahudi, Rasul Paulus tukar kawruh
karo wong Yahudi lan wong-wong dudu
Yahudi sing nganut agama Yahudi.
Sing mengkono mau uga ditindakaké
saben dina déning Rasul Paulus ana ing
alun-alun, karo wong sapa waé, sing
liwat ana ing kono.
18 Ana ahli pikir saka golongan Épikuri
lan Stoiki, sing padha bebantahan karo
Rasul Paulus. Ana sing muni: "Apa sing
diomongaké tukang ngobrol kuwi?"
Ana menèh sing muni: "Sajaké wong
kuwi mulangaké bab déwa-déwa anyar."
Enggoné padha muni mengkono mau

jalaran Rasul Paulus nyritakaké bab
Gusti Yésus lan wunguné saka ing séda.
19 Rasul Paulus nuli diajak menyang
papan parepatané para ahli pikir, sing
disebut Aréopagus, aturé: "Kula sami
kepéngin mireng piwulang énggal
ingkang panjenengan wulangaken
menika.
20 Sebab wonten prekawis-prekawis
ingkang anèh tumrap ing kula sedaya.
Mila, kula sami kepéngin mangertos."
21 (Awit para warga kutha Aténa,
semono uga para wong-wong bangsa
liyané, sing padha manggon ana ing
kutha kono, umumé padha seneng
nanjakaké wektuné kanggo nyritakaké
lan ngrungokaké crita prekara-prekara
sing anyar.)
22 Rasul Paulus nuli ngadeg ing ngarepé
parepatan Aréopagus kono, sarta
sesorah: "Para sedhèrèk ing kitha Aténa!
Kula sumerep saking sedaya prekawis,
ketitik bilih panjenengan menika tiyang
ingkang ngibadah.
23 Sebab nalika kula mlampah-mlampah
ing kitha, kula sumerep ing antawisipun
papan-papan sembahyang panjenengan,
wonten ingkang mesbèhipun dipun serati

mekaten: ‘Kasaosaken dhateng Allah, ingkang mboten dipun ngertosi’. Inggih Gusti Allah ingkang panjenengan bektèni tanpa panjenengan ngertosi menika ingkang kepéngin kula criyosaken dhateng panjenengan.
24 Inggih menika Allah ingkang sampun nitahaken jagad menika lan saisinipun. Inggih Allah menika Allahipun langit lan bumi. Allah menika mboten manggèn wonten ing kuil-kuil utawi candi-candi damelanipun manungsa.
25 Panjenenganipun inggih mboten mbetahaken sesajèn menapa kémawon saking manungsa, sebab Panjenenganipun ingkang maringi ambekan lan gesang tuwin samukawis dhateng manungsa.
26 Saking tiyang setunggal, Gusti Allah wau sampun ndadosaken bangsa-bangsa kapurih manggèn ing salumahing bumi ngriki. Inggih Gusti Allah menika ingkang netepaken saking wiwitan mila wekdal, sarta papan padunungganipun piyambak-piyambak.
27 Enggènipun Gusti Allah tumindak mekaten menika, supados manungsa sami ngupadosana Panjenenganipun.

Sokur bagé saged manggihaken
Panjenenganipun. Jalaran èstunipun
Gusti Allah wau mboten tebih saking kita
piyambak-piyambak.
28 Kados ingkang sami dipun
cariyosaken tiyang kathah, ‘Karana
pangwaosipun kita sami gesang,
sami makarya lan manggèn ing
donya menika.’ Kados ingkang dipun
pratélakaken déning para pujangga
panjenengan, ‘Awit, kita ugi tedhak
turunipun Gusti Allah.’
29 Sarèhné kita menika para putranipun
Gusti Allah, mila mboten leres menawi
kita nganggep, bilih kawontenanipun
Gusti Allah menika kados reca, ingkang
kadamel saking emas, slaka utawi
séla ingkang kawangun miturut
kapinteranipun manungsa.
30 Tanpa ngèngeti jaman jahiliah[b] Gusti
Allah samenika martosaken dhateng
manungsa, bilih sedaya manungsa
kedah sami mratobat saking lampahipun
ingkang awon.
31 Sebab Gusti Allah sampun netepaken
dinten enggènipun badhé ngadili jagad.

---

[b]jahiliah: jaman tiyang-tiyang taksih bodho-bodho.

Pengadilan wau badhé katindakaken
déning tiyang, ingkang sampun kapiji
déning Gusti Allah. Minangka buktinipun
Gusti Allah sampun nangèkaken tiyang
wau saking antawisipun tiyang pejah."
32 Bareng wong-wong mau padha
krungu Rasul Paulus kandha bab tanginé
wong mati, ana sing nuli nggeguyu
tembungé Rasul Paulus mau, ana sing
banjur muni: "Sanès wekdal kémawon
kula mirengaken malih."
33 Rasul Paulus nuli lunga saka
Aréopagus kono.
34 Ana wong sawetara sing padha
precaya lan mèlu Rasul Paulus, kayata:
Dionisius, ahli pikir warganing Aréopagus
kono, wong wadon aran Damaris, lan
wong sawetara menèh.

18 1 Sawisé kuwi Rasul Paulus nuli
lunga saka kutha Aténa menyang
kutha Korintus.
2 Ana ing kutha Korintus kono Rasul
Paulus ketemu karo wong Yahudi, sing
aran Akwila, asal saka kutha Pontus,
sing lagi teka saka tanah Italia, karo
bojoné sing jeneng Priskila. Tekané ing
kutha Korintus mau jalaran Klaudius,
Kaisar negara Rum, nundhungi wong

Yahudi kabèh saka kutha Rum. Rasul
Paulus nemoni Akwila lan Priskila,
3 lan manggon ing omahé brayat mau,
sarta nyambut-gawé bebarengan karo
wong-wong kuwi, awit padha-padha
tukang gawé téndha.
4 Saben Sabbat, Rasul Paulus tukar
kawruh karo wong-wong sing padha
kumpulan ana ing sinagogé, papan
pangibadahé wong Yahudi, karepé arep
ngyakinaké wong-wong Yahudi lan
wong-wong Yunani, sing padha nganut
agama Yahudi.
5 Bareng Silas lan Timotius teka saka
tanah Makédonia, Rasul Paulus nuli
mligi ngabaraké Injil, awèh paseksi yèn
Gusti Yésus kuwi Sang Kristus, sing
dijanjèkaké bakal rawuh déning Gusti
Allah.
6 Yèn ana wong sing nulak lan ngala-ala,
Rasul Paulus nuli ngetabaké lebuning
sandhangané karo muni: "Menawi
nemahi sangsara, kula aturi nyanggi
piyambak. Kula mboten kalepatan
dhateng panjenengan. Wiwit samenika
kula badhé murugi tiyang-tiyang
sanèsipun."

7 Wong-wong mau banjur ditinggal
lunga déning Rasul Paulus. Sabanjuré
Rasul Paulus mondhok ing omahé wong
dudu Yahudi, nanging sing nganut
agama Yahudi, wong mau jenengé
Titius Yustus. Omahé Titius Yustus mau
sandhing sinagogé kono.
8 Krispus, kepalané sinagogé mau
lan sabrayaté uga precaya marang
Gusti Yésus. Kejaba kuwi akèh menèh
wong-wong liyané ing kutha Korintus
kono sing padha ngrungokaké Injil,
sing diwartakaké déning Rasul Paulus,
lan padha precaya. Wong sing padha
precaya mau nuli padha dibaptisi.
9 Ing sawijining bengi Gusti Allah
ngandika marang Rasul Paulus sajroning
wahyu, mengkéné: "Aja wedi! Terusna
enggonmu ngabaraké Injil lan aja lèrèn.
10 Sebab Aku nunggal karo kowé. Ora
ana wong sing bakal nganiaya kowé,
sebab ing kutha kéné akèh wong sing
dadi umat-Ku."
11 Mulané Rasul Paulus enggoné
manggon ing kutha Korintus kono
nganti siji setengah taun, karo mulang
wong-wong bab pangandikané Gusti
Allah.

12 Nanging bareng Galio dadi gubernur ing tanah Akhaya, wong Yahudi sanalika nuli padha ngroyok Rasul Paulus. Rasul Paulus dicekel lan diirid menyang kantor pengadilan.
13 Pandakwané wong-wong mau marang Rasul Paulus mengkéné: "Tiyang menika ngajak tiyang kathah, supados sami nyembah dhateng Gusti Allah, mawi patrap ingkang cengkah kaliyan prenataning agami kita!"
14 Bareng Rasul Paulus lagi arep mangsuli pandakwa mau, Gubernur Galio kandha marang wong-wong Yahudi: "Kowé wong-wong Yahudi. Yèn wong iki nglanggar prenataning negara utawa nindakaké kadursilan, wis samesthiné aku nampani gugatanmu.
15 Nanging prekara sing dadi dhadhakaning padu iki rak prekara tembung lan jeneng sing magepokan karo prenatan-prenataning agamamu dhéwé, mulané prekara kuwi rampungana dhéwé. Aku emoh dadi hakim tumrap prekara-prekara sing kaya mengkono!"
16 Wong-wong Yahudi mau nuli ditundhung metu.

17 Sabanjuré wong-wong mau padha
nyekel Sostenès, kepalané sinagogé
kono, digebugi ana ing ngarepé
pradataning agama. Nanging Gubernur
Galio babar-pisan ora mreduli prekara
mau.
18 Rasul Paulus isih sawetara dina
menèh ana ing kutha Korintus kono,
nginep ing panggonané para sedulur
Kristen. Sawisé kuwi Rasul Paulus
nuli lunga saka kono, nunggang prau
karo Priskila lan Akwila menyang Siria.
Sadurungé mangkat, Rasul Paulus
nyukur rambuté ana ing pelabuhan
Kèngkréa kanggo ngluwari nadaré.
19 Satekané ing kutha Éfesus, Rasul
Paulus ninggal Priskila lan Akwila, banjur
mlebu ing sinagogé lan tukar kawruh
karo wong-wong Yahudi.
20 Wong-wong mau njaluk supaya Rasul
Paulus enggoné mampir rada suwé,
nanging ora kersa.
21 Tembungé: "Menawi Gusti Allah
marengaken, kula badhé wangsul mriki
malih." Rasul Paulus nuli lunga saka ing
kutha Éfesus.
22 Bareng wis tekan kutha Kaisaréa,
Rasul Paulus banjur nerusaké lakuné

menyang kutha Yérusalèm, arep
ngaturaké salam marang pasamuwan
ing kono. Sawusé kuwi banjur nerusaké
lakuné menyang kutha Antiokia.
23 Sawisé sawetara lawas ana ing
kutha Antiokia kono, banjur lunga
menyang tanah Galatia lan tanah Frigia,
prelu nyantosakaké imané wong-wong
precaya sing ana ing kono.
24 Ana wong Yahudi, kelairan saka
kutha Alèksandria, jenengé Apolos, teka
ing kutha Éfesus. Apolos kuwi wong sing
micara lan akèh kawruhé bab Kitab Suci.
25 Dhèwèké wis nampa piwulang bab
'Dalaning Pangéran', mulané klawan
semangat lan gamblang mulangaké bab
Gusti Yésus, senajan sing diweruhi mung
lagi bab baptisané Yohanes Pembaptis.
26 Kendel banget Apolos olèhé miwiti
mulang ana ing sinagogé. Bareng Priskila
lan Akwila krungu piwulangé, Apolos nuli
diampiraké menyang omahé wong loro
mau, supaya nerangaké klawan cetha
bab sakèhing piwulang Kristen.
27 Sawisé kuwi Apolos arep lunga
menyang tanah Akhaya. Wong-wong
Kristen ing Éfesus nuli nggawèkaké
layang, sing maksudé ngenalaké

Apolos mau marang sedulur-sedulur
ing tanah Akhaya, klawan penjaluk
supaya Apolos ditampa klawan becik.
Satekané ing tanah Akhaya, karana
sih-kamirahané Gusti Allah, Apolos mau
dadi penginjil sing migunani banget
tumrap wong-wong sing precaya.
28 Tansah bebantahan nganggo dhasar
Kitab Suci karo para wong Yahudi ana
ing ngarepané umum, minangka paseksi
yèn Gusti Yésus kuwi Sang Mèsias.

19 1 Nalika Apolos isih ana ing kutha
Korintus, Rasul Paulus ndlajahi
tanah-tanah sing adoh kutha, nganti
tekan ing kutha Éfesus. Ana ing kono
Rasul Paulus kepethuk karo wong Kristen
sawetara.
2 Wong-wong Kristen mau ditakoni:
"Menapa panjenengan sampun sami
nampèni Roh Suci nalika dipun baptis?"
Wangsulané wong-wong mau: "Mireng
wontenipun Roh Suci kémawon dèrèng
naté!"
3 Pitakoné Rasul Paulus: "Menawi
mekaten, baptis panjenengan nganggé
wewaton menapa?" Wangsulané wong-
wong mau: "Nganggé baptisipun Nabi
Yohanes."

4 Rasul Paulus banjur nerangaké: "Baptisipun Nabi Yohanes menika baptisipun tiyang-tiyang ingkang mratobat saking dosanipun. Nabi Yohanes sanjang dhateng tiyang-tiyang Israèl, supados sami pitados dhateng Tiyang, ingkang dhatengipun sapengkeripun Nabi Yohanes, inggih menika Gusti Yésus."
5 Bareng krungu ketrangan mengkono, wong-wong mau nuli padha njaluk baptis ing asmané Gusti Yésus.
6 Nalika Rasul Paulus numpangaké tangané ing sirahé wong-wong mau, sanalika wong-wong mau nuli padha kapenuhan ing Roh Suci, banjur padha caturan nganggo basa sing anèh, sarta martakaké pangandikané Gusti Allah.
7 Kabèh mau cacahé kira-kira ana wong rolas.
8 Telung sasi lawasé Rasul Paulus memulang klawan kendel ana ing sinagogé, papan pangibadahé wong Yahudi, tukar kawruh karo wong-wong Yahudi lan ngudi ngyakinaké wong-wong mau bab Kratoné Gusti Allah.
9 Nanging uga ana wong-wong sing padha wangkal ora gelem precaya.

Wong-wong mau padha ngala-ala
piwulang Kristen ing ngarepé wong
akèh. Mulané wong-wong mau nuli
padha ditinggal lunga déning Rasul
Paulus. Wong sing padha precaya nuli
dikumpulaké lan saben dina Rasul Paulus
memulang ana ing panggonan sing
lumrahé dienggo mulang déning Tiranus.
10 Enggoné Rasul Paulus memulang
kaya mengkono kuwi nganti rong taun
lawasé, temah kabèh wong sing padha
manggon ana ing tanah Asia, wong
Yahudi, lan wong bangsa liyané, padha
krungu pangandikané Gusti Allah.
11 Gusti Allah nindakaké mujijat-mujijat
sing hébat banget lantaran Rasul Paulus.
12 Nganti kacu utawa suwèkan
sandhangan lungsuran sing dienggo,
yèn ditumpangaké wong lara, wong mau
banjur waras, lan dhemit-dhemit pisan
iya padha metu saka wong-wong lara
mau.
13 Ing kono ana wong Yahudi sawetara
sing mider-mider marasaké wong-wong
sing padha kepanjingan dhemit. Wong-
wong mau uga padha nyoba nundhung
dhemit nganggo nyebut asmané Gusti
Yésus, karo muni mengkéné: "Kowé

daksupatani atas asmané Gusti Yésus,
sing diwartakaké déning Rasul Paulus."
14 Sing nindakaké kaya mengkono kuwi
wong pitu, yakuwi para anaké imam
agung, sing jeneng Skéwa.
15 Nanging kocapa, dhemit-dhemit mau
padha mangsuli: "Yésus aku kenal.
Paulus aku ya kenal, nanging kowé kuwi
sapa?"
16 Wong sing kepanjingan dhemit kuwi
nuli nubruk wong pitu mau sarosané,
nganti wong pitu mau kalah kabèh,
temah kepeksa mlayu saka ing omah
kono, dhèdhèl dhuwèl lan kewudan.
17 Wong-wong Yahudi kabèh lan wong
bangsa liya, sing padha nganut agama
Yahudi ing kutha Éfesus kono padha
krungu lelakon mau, banjur padha wedi
banget. Srana mengkono asmané Gusti
Yésus saya kesuwur lan diéringi.
18 Akèh wong sing wis padha precaya,
padha teka lan ngakoni ing ngarepé
wong akèh, apa sing padha dilakoni.
19 Akèh wong precaya sing biyèn
wis tau nindakaké ilmu sihir padha
nglumpukaké buku-bukuné dadi siji,
nuli padha diobong ana ing ngareping
wong akèh. Nalika ajiné buku-buku mau

digunggung, ketemu pirang-pirang puluh
juta rupiah.
20 Anané lelakon-lelakon sing mengkono
mau marakaké pangandikané Gusti Allah
saya sumebar lan saya gedhé dayané.
21 Sawusé lelakon kuwi mau kabèh,
Rasul Paulus kenceng tékadé arep
menyang kutha Yérusalèm, liwat tanah
Makédonia lan tanah Yunani. Rasul
Paulus ngucap mengkéné: "Sawisé aku
mrana, aku nuli arep menyang kutha
Rum."
22 Rasul Paulus nuli ngutus wong loro
saka panunggalané para pembantuné,
yakuwi Timotius lan Érastus, mangkat
menyang Makédonia, déné Rasul Paulus
dhéwé kari ana ing tanah Asia sawetara
mangsa.
23 Nalika semana ana gègèran gedhé ing
kutha Éfesus, jalaran saya ngrembakané
piwulang bab ‘Dalaning Pangéran’.
24 Awit ana sawijining kemasan,
jenengé Démétrius, sing pangupajiwané
nggawèni candi cilik-cilik, niru candiné
Dèwi Agung Diana. Dagangané
Démétrius mau nekakaké keuntungan
ora sethithik kanggo para tukangé.

25 Mulané Démétrius mau nuli
ngumpulaké para tukangé lan uga
para tukang saka kemasan liyané,
banjur kandha mengkéné: "Para kanca
sedaya! Panjenengan sami pirsa,
bilih penggaotan kita menika, dados
kemasan.
26 Samenika, cobi panjenengan pirsani,
menapa ingkang katindakaken déning
Paulus menika. Piyambakipun sanjang,
bilih déwa-déwa ingkang dipun damel
déning tanganipun manungsa menika
sanès déwa saèstu. Paulus sampun
saged ngyakinaken tiyang kathah,
mboten namung wonten ing kitha Éfesus
kémawon, nanging ugi ing mèh satanah
Asia sedaya.
27 Srana mekaten mboten namung
penggaotan kitha kémawon ingkang
dipun rèmèhaken, nanging ugi
pepundhèn kita Dèwi Agung Diana,
badhé mboten wonten aosipun, sarta
kaluhuranipun badhé sirna, inggih
menika kaluhuranipun Dèwi Agung
Diana ingkang kasembah déning tiyang
satanah Asia lan sajagad sedaya."
28 Bareng krungu tembung mengkono
mau, atiné wong-wong mau dadi

panas, nuli wiwit padha bengok-bengok: "Kaagungana Dèwi Diana, pepujanipun tiyang Éfesus!"
29 Sakutha kabèh nuli gègèr. Wong akèh mau banjur nyekel Gayus lan Aristarkhus, wong-wong Makédonia kancané Rasul Paulus. Wong loro mau diglandhang menyang alun-alun.
30 Rasul Paulus dhéwé uga arep mrono, nanging dipenggak déning para sedulur Kristen ing kono.
31 Para penggedhéné kutha mau, sing wis dadi mitrané Rasul Paulus, uga padha mrayogakaké, supaya Rasul Paulus aja menyang alun-alun.
32 Kaananané wong akèh mau worsuh banget; ana sing nguwuh ngéné ana sing nguwuh ngono, sebab akèh wong sing ora ngerti, apa sebabé dhèwèké mèlu-mèlu tekan kono.
33 Ana wong jenengé Alèksander, dikira wong kuwi sing tanggung jawab. Mula sawisé tampa katerangan akèh saka wong-wong mau nuli dikon maju ana ing ngarepé wong-wong mau. Alèksander mènèhi sasmita nganggo tangané, arep awèh ketrangan marang wong-wong mau.

34 Nanging bareng weruh yèn Alèksander kuwi wong Yahudi, wong-wong mau nuli padha mbengok sambung-sumambung nganti rong jam suwéné: "Kaagungna Dèwi Diana, sesembahanipun tiyang Éfesus!"

35 Pungkasané sèkretarisé kutha kono bisa nentremaké wong-wong akèh mau, tembungé: "Para sedhèrèk, warga kitha Éfesus! Saben tiyang sampun mangertos, bilih kitha Éfesus menika ngreksa kuilipun Dèwi Agung Diana, sarta ngreksa séla suci ingkang dhawah saking langit.

36 Kula kinten mboten wonten tiyang setunggal kémawon ingkang saged mbantah prekawis menika. Mila panjenengan kula aturi kèndel kémawon lan sampun ngantos tumindak grusa-grusu.

37 Panjenengan sami mbekta tiyang menika mriki, mangka tiyang menika mboten ngrampog barang suci menapa-menapa saking kuil, inggih mboten nyenyamah dhateng Dèwi Agung sesembahan kita.

38 Menawi Démétrius lan kanca-kancanipun sami gadhah pandakwa

utawi badhé nggugat salah setunggaling
tiyang, kajengipun piyambakipun
damel gugatan dhateng pengadilan.
Kanggé prekawis-prekawis kados
mekaten, wonten dinten ingkang pancèn
kacawisaken.
39 Nanging menawi wonten prekawis
sanès ingkang kepéngin panjenengan
bèrèsaken, menika kedah dipun urus
déning parepataning wakil rakyat
ingkang sah.
40 Sebab, menapa ingkang panjenengan
tindakaken ing dinten menika, saged
kaanggep kados déné pembrontakan.
Mangka sejatosipun mboten wonten
alesan kanggé damel gègèran kados
menika."
41 Sawisé muni mengkono kumpulané
wong akèh mau nuli dibubaraké.
20 1 Sawisè kaanan ing kutha Èfesus
pulih tentrem menèh, Rasul
Paulus nuli ngumpulakè pasamuwan ing
kono. Sawise mènèhi pitutur akèh-akèh
Rasul Paulus nuli pamitan, lan nerusakè
lakunè menyang kutha Makèdonia.
2 Rasul Paulus nuli ndlajahi daérah-
daérah satanah Makédonia kabèh, karo
mituturi para sedulur sing padha ana

ing kono. Saka Makédonia Rasul Paulus
nerusaké lakuné menyang tanah Yunani.
3 Sawisé ana ing kono telung sasi, Rasul
Paulus nuli tata-tata arep menyang Siria
(ing Asia Cilik), dumadakan krungu
yèn wong Yahudi padha sekuthon arep
matèni; mulané Rasul Paulus arep bali
metu tanah Makédonia waé.
4 Lakuné Rasul Paulus mau dikancani
déning Sopater anaké Pirus, wong saka
kutha Béréa; Aristarkhus lan Sekundhus,
loro-loroné wong saka kutha Tésalonika;
Gayus saka kutha Dèrbé; Timotius lan
wong loro saka tanah Asia, yakuwi
Tikhikus lan Trofimus.
5 Wong-wong mau padha mangkat
dhisik, lan arep ngentèni aku kabèh ana
ing kutha Troas.
6 Sawisé Riaya Pésta Roti Tanpa Ragi
aku padha nunggang prau saka Filipi.
Let limang dina aku padha ketemu karo
para sedulur mau ana ing kutha Troas.
Aku padha ana ing kutha kono lawasé
nganti seminggu.
7 Ing dina kapisan[c] aku padha
ngumpul mangan bebarengan. Sarèhné
Rasul Paulus ésuké arep mangkat,

---

[c]dina kapisan: inggih punika dinten Minggu.

panjenengané awèh wejangan akèh, nganti tengah wengi.
8 Ana ing kamar lotèng sing padha dakenggo kumpulan mau ana lampuné sawetara.
9 Sawijining nonoman, jenengé Eutikhus, lungguh ana ing jendhéla. Sarèhné Rasul Paulus olèhé mènèhi wejangan ora lèrèn-lèrèn, nonoman mau keturon ana ing jendhéla, pungkasané tiba saka lotèng tingkat telu. Bareng diangkat nonoman mau jebul wis mati.
10 Rasul Paulus nuli mudhun, ngrungkebi nonoman mau, dirangkul karo ngandika: "Aja wedi, bocahé isih urip!"
11 Sawisé kuwi Rasul Paulus bali menèh menyang lotèng lan mangan bebarengan. Sabubaré mangan, Rasul Paulus nerusaké wejangané nganti mlethèké srengéngé, banjur lagi mangkat.
12 Wong-wong padha bungah banget déné Eutikhus ora sida mati, nuli padha diteraké mulih.
13 Aku padha ndhisiki nunggang prau sing arep menyang pelabuhan Asos. Ana ing Asos kono Rasul Paulus bakal mèlu bebarengan munggah ing prau.

Rasul Paulus akon aku padha mangkat
dhisik, jalaran panjenenganè olèhé arep
menyang Asos mung tindak.
14 Bareng wis tekan Asos, Rasul Paulus
nuli nunggang kapal; aku banjur padha
nerusaké lelayaran menyang kutha
Mitiléné.
15 Saka kana aku padha nunggang prau
menèh lan ésuké tekan ngarepé pulo
Khios. Dina candhaké aku padha tekan
pulo Samos, lan let sedina menèh tekan
pelabuhan Milétus.
16 Rasul Paulus wis ngrancang ora arep
mampir ing kutha Éfesus, supaya aja
kesuwèn ana ing tanah Asia, karebèn
énggal-énggal tekan Yérusalèm, yèn
bisa sadurungé Riaya Péntakosta.
17 Mulané saka ing Milétus kono
Rasul Paulus kongkonan wong ngabari
sedulur-sedulur ing Éfesus, lan akon
para pinituwané pasamuwan teka ing
Milétus, supaya bisa ketemu karo Rasul
Paulus.
18 Satekané para pinituwa mau, Rasul
Paulus nuli awèh pitutur mengkéné:
"Kowé padha weruh dhéwé enggonku
sesrawungan karo kowé salawasé aku

ana ing antaramu, wiwit tekaku ana ing
tanah Asia.
19 Enggonku ngladèni ayahané Gusti
daktindakaké klawan andhap-asor, lan
kerep dakréwangi nangis-nangis, sarta
ngalami kasangsaran merga panganiaya
sing dirancang déning para wong Yahudi.
20 Senajan mengkono aku ora tau
nglirwakaké nindakaké apa waé sing
maédahi tumrap kowé. Kabèh wis
dakkandhakaké lan dakwulangaké
marang kowé, ya ana ing ngarepé wong
akèh, ya ana ing kumpulan-kumpulan
ing omah-omahmu.
21 Wong Yahudi, wong dudu Yahudi,
tansah padha dakélingaké, supaya padha
mratobat lan padha precaya marang
Gusti Yésus Kristus.
22 Saiki, manut dhawuhé Sang Roh
Suci, aku kudu lunga menyang kutha
Yérusalèm. Aku ora ngerti apa sing bakal
dakalami ana ing kana.
23 Sing dakweruhi yakuwi, ing saben
kutha Sang Roh Suci wis ngélingaké
marang aku, yèn aku bakal nandhang
sangsara rupa-rupa lan bakal dikunjara.
24 Éwasemono aku ora preduli bab
uripku, angger aku bisa nerusaké

pegawéanku, lan ngrampungaké
kuwajiban sing diparingaké déning Gusti
Yésus marang aku, yakuwi ngabaraké
Injil bab sih-rahmaté Gusti Allah.
25 Ana ing tengahmu aku wis nyritakaké
bab Kratoné Gusti Allah. Saiki aku krasa,
yèn aku wis ora bakal ketemu menèh
karo kowé kabèh.
26 Mulané saiki aku kandha satemené
marang kowé; yèn ing antaramu
ana wong sing kesasar, kuwi dudu
tanggunganku.
27 Sebab wis sakatogé enggonku
mulang marang kowé bab kersané Gusti
Allah.
28 Padha ngreksaa awakmu dhéwé lan
wong-wong sing dipasrahaké marang
kowé déning Sang Roh Suci. Padha
engonen pasamuwané Gusti Allah,
merga wis dilabuhi séda déning Putrané
piyambak.
29 Aku ngerti yèn sapungkurku bakal
ana asu ajag galak akèh sing padha teka
ana ing tengah-tengahmu lan ora bakal
ngéman marang panthané wedhus mau.
30 Malah bakal ana mangsané ing
antaramu dhéwé ana wong sawetara,

sing bakal nylèwèng saka piwulang sing
bener lan nasaraké pasamuwan.
31 Mulané dingati-ati, lan padha élinga
yèn nganti telung taun lawasé enggonku
wis mulang kowé siji-siji, rina wengi
ora kendhat-kendhat, karo tansah
ngetokaké luh.
32 Déné saiki kowé padha dakpasrahaké
marang pamengkuné sih-rahmaté
Gusti Allah. Panjenengané kuwi kwasa
nyantosakaké kowé lan maringi berkah
sing wis disedhiyakaké kanggo para
umaté.
33 Aku ora tau kepéngin olèh slaka,
emas utawa sandhangan, saka sapa
waé.
34 Kowé padha weruh dhéwé enggonku
golèk pangan nganggo tanganku kanggo
nyukupi kebutuhanku lan kebutuhané
kanca-kancaku.
35 Aku wis nuduhaké marang kowé
klawan patrap rupa-rupa, yèn enggon
kita nulung marang wong miskin lan
wong sing padha kasusahan, kuwi kudu
klawan nyambut-gawé abot. Padha
élinga marang pangandikané Gusti
Yésus: ‘Luwih begja wèwèh, tinimbang
karo nampani.’"

36 Sawisé rampung olèhé awèh pitutur,
Rasul Paulus nuli jèngkèng, bebarengan
karo para sedulur kabèh, banjur
ndedonga.
37 Wong kabèh padha nangis, banjur
ngrangkuli Rasul Paulus klawan
diambungi bola-bali.
38 Kabèh padha susah, apa menèh
merga Rasul Paulus kandha, yèn
wong-wong mau bakal wis ora padha
ketemu menèh. Wong-wong mau nuli
ngeteraké Rasul Paulus tekan ing prau.

21

1 Sawisé aku padha pamitan karo
para pinituwané pasamuwan
ing kutha Éfesus, prauné nuli mangkat
nyabrang menyang pulo Kos. Ésuké aku
padha tekan pulo Rodhos. Saka kono
aku padha terus layaran menyang kutha
Patara.
2 Ing kutha Patara kono ana kapal sing
arep mangkat menyang tanah Fénisia.
Aku padha nunggang kapal mau, nuli
mangkat.
3 Aku padha tekan panggonan sing saka
kono bisa weruh pulo Siprus. Aku banjur
padha ngidul nganti tekan tanah Siria.
Ing kutha Tirus aku padha mudhun,

sebab ana ing kutha kono prauné kudu bungkar momotané.
4 Ing kutha Tirus kono aku padha kepethuk karo sedulur Kristen sawetara, nuli nginep ana ing omahé para sedulur mau, lawasé nganti seminggu. Merga olèh wangsité Pangéran, para sedulur mau padha mènèhi weruh marang Rasul Paulus, supaya aja lunga menyang kutha Yérusalèm.
5 Nanging bareng wis tekan mangsané, aku banjur padha nerusaké laku. Para sedulur mau kabèh, saanak-bojoné, padha nguntapaké aku tekan sanjabané kutha. Ana ing gisik aku padha jèngkèng ndedonga.
6 Sawisé padha andum slamet, aku banjur padha munggah ing prau, lan para sedulur mau padha mulih.
7 Aku padha mbanjuraké laku saka kutha Tirus, menyang kutha Ptolémais. Aku padha tilik para sedulur Kristen sing ana ing kono, sarta nginep ing kono sewengi.
8 Ésuké nuli mangkat menèh nganti tekan kutha Kaisaréa. Ing kono aku padha nginep ana ing omahé guru Injil, sing aran Filipus. Filipus kuwi

panunggalané wong pitu sing biyèn ditetepaké dadi juru-tulung ana ing kutha Yérusalèm.
9 Filipus mau duwé anak prawan papat, sing uga padha ngabaraké Injilé Gusti Allah.
10 Sawisé ana ing kono seminggu lawasé, nuli ana nabi teka saka Yudéa, jenengé Agabus.
11 Agabus mau marani aku sakanca, nuli njupuk sabuké Rasul Paulus. Sabuk mau dienggo nalèni sikil lan tangané dhéwé, karo muni: "Mengkéné pangandikané Gusti Allah: ‘Wong sing duwé sabuk iki bakal dibanda kaya mengkéné iki ana ing kutha Yérusalèm déning wong-wong Yahudi, lan wong kuwi bakal dipasrahaké marang bangsa liya.’"
12 Bareng aku padha krungu sing mengkono mau, aku lan para sedulur kabèh nuli padha ngandhani Rasul Paulus, supaya mbatalaké enggoné arep lunga menyang kutha Yérusalèm.
13 Nanging Rasul Paulus mangsuli: "Yagéné kowé padha nangis lan ngrimuk aku? Aku wis cumadhang ora mung dibanda waé, malah senajan nganti

dipatèni pisan ana ing kutha Yérusalèm
krana Gusti Yésus aku lila."
14 Aku padha ora bisa ngeluk karepé
Rasul Paulus, mulané aku mung padha
sumarah, karo muni: "Muga apa sing
bakal kelakon kuwi kersané Gusti Allah."
15 Sawisé ana ing kono sawetara
dina, aku banjur padha ngringkesi
barang-barangku lan mangkat menyang
kutha Yérusalèm.
16 Ana sedulur Kristen sawetara saka
kutha Kaisaréa sing mèlu ngeteraké
aku sakanca menyang omahé Manason,
sing arep padha dakinepi. Manason kuwi
asalé saka pulo Siprus, lan klebu wong
Kristen sing kawitan.
17 Nalika aku sakanca tekan kutha
Yérusalèm, para sedulur Kristen ing kono
padha mbagèkaké klawan bungah.
18 Ésuké Rasul Paulus karo aku
kabèh tilik Yakobus. Para pinituwané
pasamuwan kabèh uga padha teka.
19 Rasul Paulus nuli awèh salam, sarta
nyritakaké apa waé sing ditindakaké
déning Gusti Allah ing antarané wong
kapir lantaran dhèwèké.
20 Krungu critané Rasul Paulus sing
mengkono mau, wong kabèh nuli padha

memuji asmané Gusti Allah. Sawisé kuwi wong-wong mau banjur padha kandha marang Paulus mengkéné: "Sedhèrèk Paulus, kula aturi mirengaken atur kula! Ing ngriki wonten pinten-pinten èwu tiyang Yahudi ingkang pitados dhateng Gusti Yésus, lan ugi sami netepi Torètipun Nabi Musa.
21 Nanging para sedhèrèk wau mireng kabar bilih Panjenengan wonten ing negari manca mulang dhateng sedaya tiyang Yahudi ingkang wonten ing ngrika, supados mboten sami nurut dhateng Torètipun Nabi Musa, lan mboten sami netaki anak-anakipun, utawi nganut adat tata-caranipun tiyang Yahudi.
22 Sedhèrèk-sedhèrèk wau temtunipun inggih sami mireng bilih panjenengan rawuh. Samenika lajeng kadospundi, menapa ingkang prelu kita tindakaken?
23 Kula sami mrayogèkaken, panjenengan kersaa nindakaken panyuwun kula sedaya, mekaten: Ing ngriki wonten sedhèrèk sekawan ingkang sami gadhah nadar.
24 Panjenengan kula aturi sesarengan kaliyan sedhèrèk-sedhèrèk menika nindakaken tata-cara sesuci, lan mbayar

ragadipun, supados para sedhèrèk wau saged sami nyukur rambutipun. Srana mekaten sageda cetha tumrap tiyang sedaya, bilih menapa ingkang dipun pireng bab panjenengan menika mboten leres, malah ketitika bilih panjenengan piyambak inggih netepi Torètipun Nabi Musa.
25 Tumrap tiyang-tiyang sanès Yahudi, kita pancèn sampun kintun serat, ingkang ngewrat putusan kita sedaya, bilih para sedhèrèk wau dipun awisi nedha tetedhan ingkang dipun anggé sajèn dhateng brahala, nedha rah utawi kéwan ingkang pejahipun srana dipun tekak; mekaten ugi sami dipun awisi lampah jina."
26 Ésuké Rasul Paulus nuli ngajak wong papat mau, lan sawisé nindakaké sesuci bebarengan, miturut tata-carané wong Yahudi, banjur padha mlebu ing Pedalemané Allah. Ana ing kono padha ngumumaké pira lawasé wektu pasucèn, apa déné kurban tumrap wong siji-sijiné kang bakal disaosaké.
27 Ngarepaké genep pitung dina entèké mangsa sesuci mau, ana wong Yahudi sawetara saka ing tanah Asia padha

weruh Rasul Paulus ana ing Pedalemané
Allah. Wong-wong mau nuli ngojok-ojoki
wong akèh supaya nyekel Rasul Paulus.
28 Wong-wong mau padha nguwuh-
uwuh mengkéné: "Sedhèrèk-sedhèrèk,
tiyang Israèl, nyuwun tulung! Menika
tiyangipun, ingkang késah dhateng
pundi-pundi memucal, supados
tiyang sedaya nglawan bangsa
Israèl lan Torètipun Nabi Musa sarta
Pedalemanipun Allah menika. Samenika
tiyang menika ugi ngajak tiyang-
tiyang kapir sami mlebet wonten ing
Pedalemanipun Allah, lan srana mekaten
damel najisipun Pedalemanipun Allah!"
29 (Enggoné padha muni mengkono
mau merga padha weruh Trofimus, wong
Éfesus, ana ing Yérusalèm, bebarengan
karo Rasul Paulus. Dikira yèn Rasul
Paulus sing ngajak Trofimus mau mlebu
ing Pedalemané Allah.)
30 Wong sakutha kabèh banjur gègèr,
lan kabèh padha kemrubut ngumpul.
Rasul Paulus nuli dicekel lan diglandhang
metu saka Pedalemané Allah. Lawangé
Pedalemané Allah nuli énggal-énggal
ditutup.

31 Bareng wong akèh sing gawé gègèr
mau lagi nyoba arep matèni Rasul
Paulus, komandhané tentara Rum
krungu, yèn sakutha Yérusalèm kabèh
lagi brontak.
32 Sanalika komandhan mau teka,
nggawa perwira lan prejurit sawetara lan
énggal-énggal nglabrag wong akèh mau.
Bareng padha weruh para prejurit lan
komandhan teka, wong-wong mau nuli
padha lèrèn enggoné nggebugi Rasul
Paulus.
33 Komandhan mau marani Rasul
Paulus, nuli préntah supaya Rasul Paulus
tangané diranté loro-loroné. Sawisé kuwi
komandhan mau banjur takon marang
wong-wong sing ana ing kono: "Wong
kuwi sapa, lan apa sing ditindakaké?"
34 Ing antarané wong akèh mau ana
sing kandha mengkéné, ana sing kandha
mengkono. Sarèhné kisruh banget,
nganti komandhan mau ora bisa olèh
ketrangan sing sanyatané. Mulané
banjur préntah, supaya Rasul Paulus
digawa menyang bètèng.
35 Bareng tekan undhak-undhakané
bètèng, Rasul Paulus kepeksa disunggi,

sebab wong-wong sing padha gawé
rusuh mau ambyuk dhesek-dhesekan.
36 Karo nguwuh-uwuh: "Wong kuwi
dipatèni waé!"
37 Nalika arep digawa mlebu déning
para prejurit ana ing bètèng, Rasul
Paulus kandha karo komandhané
pasukan: "Menapa kula kepareng matur
sekedhik?" Komandhan mau nuli takon:
"Menapa panjenengan ngertos basa
Yunani?
38 Menawi mekaten panjenengan
menika sanès tiyang Mesir ingkang
dèrèng dangu menika miwiti
pembrontakan lan mbekta bala
tiyang kawan èwu dhateng ara-ara
samun?"
39 Wangsulané Rasul Paulus: "Kula
menika tiyang Yahudi dipun lairaken
wonten kitha Tarsus, ing tanah Kilikia,
warga kitha ingkang kesuwur menika.
Kula nyuwun dipun parengaken
nyukani katerangan sekedhik dhateng
tiyang-tiyang menika."
40 Komandhan mau ngidini lan Rasul
Paulus nuli ngadeg ana ing undhak-
undhakan, mènèhi sasmita nganggo
tanganė. Bareng wong kabèh wis

meneng, Rasul Paulus nuli mènèhi
ketrangan marang wong akèh mau
nganggo basa Ibrani, mengkéné:

22 1 "Para bapak lan para sedhèrèk
sedaya. Kula aturi mirengaken
penjawab kula dhateng panjenengan
sedaya."
2 Krungu Rasul Paulus caturan nganggo
basa Ibrani mau, wong kabèh saya
mundhak antengé. Rasul Paulus nuli
nerusaké enggoné awèh ketrangan.
3 "Kula menika tiyang Yahudi, lair kula
wonten ing kitha Tarsus, ing tanah
Kilikia, lan dipun agengaken wonten
ing kitha Yérusalèm, dados muridipun
Mahaguru Gamalièl. Kula dipun wulang
Torètipun para leluhur kita kalayan
tliti, lan ngabekti dhateng Gusti Allah,
mboten béda kaliyan panjenengan
sedaya menika. Kula pancèn nglawan
piwulang bab rancanganipun Gusti Allah
lumantar Gusti Yésus menika.
4 Mila tiyang-tiyang ingkang sami
nganut ‘Piwulang Énggal’ menika kula
kuya-kuya ngantos pejah. Tiyang-tiyang
wau kula cepeng, jaler èstri, kula
lebetaken ing kunjara.

5 Imam Agung piyambak lan para
warganing Pradata Agami minangka
seksi, bilih kula mboten goroh. Sebab
inggih para pengageng menika, ingkang
maringi serat dhateng kula kanggé
tiyang-tiyang Yahudi ing kitha Damsyik.
Menika ateges kula dipun lilani nyepengi
para penganutipun 'Piwulang Énggal'
wau, sarta mbekta dhateng kitha
Yérusalèm, supados sami kaukum."
6 "Sareng lampah kula mèh dumugi
kitha Damsyik, wancinipun tengah
dinten, dumadakan wonten cahya
ingkang mblerengi, sumorot saking
langit nlorong kula.
7 Kula lajeng dhawah ing siti, sarta
mireng swanten mekaten: 'Saulus,
Saulus! Yagéné kowé nguya-uya marang
Aku?'
8 Kula lajeng takèn: 'Panjenengan
menika sinten Gusti?' Wangsulanipun
swanten wau: 'Aku iki Yésus wong
Nasarèt, sing kokkuya-kuya.'
9 Tiyang-tiyang ingkang sami
sesarengan kaliyan kula, inggih sumerep
cahya wau, nanging mboten mireng
swanten ingkang ngandika dhateng kula.

10 Kula pitakèn malih: ‘Gusti! Menapa ingkang kedah kula lampahi?’ Gusti Yésus nunten ngandika: ‘Ngadega, lan lungaa menyang kutha Damsyik. Ana ing kono kowé bakal didhawuhi samubarang sing dikersakaké déning Gusti Allah, lan sing kudu koklakoni.’
11 Cahya ingkang mblerengi wau murugaken kula wuta. Pramila kula lajeng dipun tuntun kanca-kanca kula mlebet dhateng kitha Damsyik.
12 Ing ngriku wonten tiyang, namanipun Ananias, tiyang ingkang ngabekti dhateng Gusti Allah sarta netepi dhateng Torèt kita. Piyambakipun dipun éringi déning tiyang Yahudi sedaya ingkang wonten ing kitha Damsyik ngriku.
13 Ananias wau dhateng lan ngadeg ing sacelak kula, sarta wicanten: ‘Sedulur Saulus, kowé bisaa ndeleng menèh.’ Sanalika menika ugi kula saged sumerep. Kula sumerep piyambakipun,
14 lan piyambakipun wicanten dhateng kula mekaten: ‘Allahé para leluhur kita wis milih kowé, supaya kowé ngerti marang kersané, wanuh karo Gusti Yésus sing nglakoni kersané mau, sarta

krungu dhawuhé piyambak marang
kowé.
15 Kowé bakal dadi seksiné, supaya
nyritakaké marang saben wong, apa sing
wis kokdeleng lan kokrungu.
16 Saiki aja mangu-mangu menèh.
Ngadega lan njaluka dibaptis supaya
dosamu dilebur srana nyebut asmané
Gusti Yésus.'"
17 "Kula lajeng wangsul dhateng kitha
Yérusalèm, lan nalika kula saweg
ndedonga wonten ing Pedalemanipun
Allah, kula pikantuk wahyu.
18 Wonten ing wahyu wau Gusti Yésus
ngandika dhateng kula mekaten: 'Énggal
lungaa saka kutha Yérusalèm kéné,
sebab wong-wong ing kéné ora bakal
precaya marang paseksimu bab Aku.'
19 Kula lajeng matur: 'Gusti, tiyang-
tiyang menika sami mangertos, bilih
kula sampun mlebet ing sinagogé-
sinagogé, nyepengi lan nggebagi
tiyang-tiyang ingkang sami pitados
dhateng Panjenengan.
20 Mekaten ugi nalika Stéfanus, ingkang
suka paseksi bab Panjenengan dipun
benturi séla, kula piyambak wonten ing
ngriku lan nyarujuki enggènipun sami

mbenturi Stéfanus wau, malah kula njagi sandhanganipun tiyang-tiyang ingkang sami mejahi piyambakipun!’
21 Nanging Gusti Yésus ngandika malih: ‘Lungaa! Sebab kowé Dakutus nemoni bangsa kapir, sing adoh-adoh panggonané.’"
22 Tekan semono wong akèh mau padha meneng, ngrungokaké andharané Rasul Paulus. Nanging sawisé kuwi wong akèh mau nuli padha bengok-bengok sarosané: "Patènana waé, wong kuwi! Patènana! Ora pantes wong kaya ngono urip!"
23 Wong akèh mau padha bengok-bengok karo ngebut-ngebutaké jubahé lan nyawuraké lebu mendhuwur.
24 Komandhané para prejurit banjur préntah marang para prejurité supaya Rasul Paulus digawa mlebu ing bètèng lan dipriksa nganggo dipilara; supaya ngerti, apa sebabé wong-wong Yahudi kokpadha bengok-bengok lan padha tumindak mengkono marang Rasul Paulus.
25 Nanging kocapa, bareng Rasul Paulus dibanda lan arep dipecuti, kandha karo perwira sing ngadeg ana ing kono: "Apa

miturut undhang-undhang kena mecuti
warganing krajan Rum, tanpa diadili
dhisik?"
26 Bareng krungu yèn Rasul Paulus kuwi
warga krajan Rum, perwira mau nuli
marani komandhané lan matur: "Pak,
panjenengan menika kadospundi! Tiyang
menika jebul warganing krajan Rum!"
27 Komandhané mau nuli marani
Rasul Paulus lan takon: "Menapa èstu
panjenengan menika warganing krajan
Rum?" Wangsulané Rasul Paulus:
"Kesinggihan."
28 Komandhan mau nuli kandha: "Kula
pikantuk wewenang dados warganing
krajan Rum srana mbayar kathah!"
Wangsulané Rasul Paulus: "Nanging
kula dados warganing krajan Rum,
adhedhasar kelairan kula."
29 Sanalika kuwi uga para prejurit sing
arep padha mriksa Rasul Paulus nuli
padha mundur, lan komandhané dhéwé
bareng ngerti yèn Rasul Paulus kuwi
warganing krajan Rum, uga banjur wedi,
sebab dhèwèké wis akon ngranté Rasul
Paulus.
30 Sarèhné komandhan mau kepéngin
ngerti, apa satemené alasané

wong-wong Yahudi mau kokpadha
nggugat marang Rasul Paulus, mulané
komandhan mau ésuké nuli ngumpulaké
Pradataning Agama, sarta nguculi
ranténé Rasul Paulus lan ngirid menyang
ngarepané Pradata Agama mau.

23 1 Rasul Paulus mandeng marang
para warganing Pradata Agama
nuli muni mengkéné: "Para sedhèrèk
kula sedaya! Tumrap gesang kula, kula
saged ngaturi pirsa, bilih dumugi dinten
menika manah kula resik wonten ing
ngarsanipun Gusti Allah."
2 Dumadakan Imam Agung Ananias
ndhawuhi wong-wong sing padha ana
ing sacedhaké Rasul Paulus, supaya
napuk tutuké.
3 Nuli dijawab déning Rasul Paulus:
"Gusti Allah mesthi badhé napuk
panjenengan. Panjenengan menika
témbok kalabur pethak! Panjenengan
lenggah wonten ing ngriku badhé ngadili
kula manut Torèt, nanging panjenengan
piyambak akèn tiyang napuk kula,
menika nerak Torèt."
4 Wong-wong sing ana ing sacedhaké
Rasul Paulus padha muni: "Panjenengan

nyenyamah dhateng Imam Agungipun
Pangéran!"
5 Wangsulané Rasul Paulus: "Nyuwun
ngapunten, para sedhèrèk. Kula kinten
panjenenganipun menika sanès Imam
Agung, sebab kula ngertos, bilih ing
Kitab Suci wonten seratan: ‘Kowé aja
ngunèk-unèkaké para pemimpinmu!’"
6 Bareng Rasul Paulus pirsa, yèn
sapéranganing warganing Pradata
Agama sing ana ing kono kuwi
wong-wong Saduki lan sapérangan
menèh wong-wong Farisi, Rasul Paulus
banjur kandha marang Pradata Agama
mengkéné: "Para sedhèrèk, kula menika
tiyang Farisi, mekaten ugi bapak kula
inggih tiyang Farisi. Kula samenika
dipun adili wonten ing ngriki, margi
kula pitados bilih tiyang pejah menika
mbénjing katangèkaken."
7 Sanalika iku uga wong Farisi lan wong
Saduki padha wiwit bebantahan, nganti
parepatan mau pisah dadi loro.
8 (Sebab wong-wong Saduki kuwi
precaya, yèn wong mati ora bakal
katangèkaké menèh, semono uga yèn
malaékat lan roh kuwi ora ana, nanging

wong Farisi padha precaya marang
telu-teluné.)
9 Wong-wong mau padha pating
brengok, saya suwé saya seru. Ana wong
Farisi ahli Torèt sawetara sing padha
ngadeg lan muni mengkéné: "Tiyang
menika mboten lepat menapa-menapa!
Saged ugi pancèn wonten saèstu roh
utawi malaékat, ingkang ngandika
dhateng piyambakipun!"
10 Enggoné bebantahan kuwi saking
raméné, nganti komandhané para
prejurit mau kuwatir, yèn Rasul Paulus
padha dikrubut. Komandhan mau nuli
ndhawuhi para prejurité, supaya Rasul
Paulus digawa lunga saka ing parepatan
mau, lan dilebokaké menèh menyang
bètèng.
11 Benginé Gusti Yésus jumeneng ana
ing sandhingé Rasul Paulus lan ngandika:
"Atimu sing tatag! Kowé wis neksèni Aku
ana ing kutha Yérusalèm, mengkono uga
kowé bakal dadi seksi-Ku ana ing kutha
Rum."
12 Ésuké ana wong Yahudi sawetara
sing padha gawé komplotan arep
matèni Rasul Paulus. Wong-wong mau
padha sumpah, ora arep mangan utawa

ngombé, yèn durung matèni Rasul Paulus.
13 Sing padha gawé komplotan mengkono kuwi wong patang puluh luwih.
14 Wong-wong mau padha nemoni Imam Agung lan para pinituwa, sarta matur: "Kula sampun sami sumpah sesarengan, mboten badhé nedha utawi ngombé menapa kémawon, menawi dèrèng mejahi Paulus.
15 Pramila panjenengan lan para warganing Pradata Agami kula aturi kintun serat dhateng komandhan Rum, nyuwun supados Paulus dipun sowanaken dhateng panjenengan; kados-kados panjenengan badhé mriksa prekawisipun ingkang langkung tliti malih. Déné kula sami badhé nyegat lan mejahi Paulus wau sadèrèngipun dumugi ing ngriki."
16 Nanging kocapa, kabar bab pirembugan mau keprungu déning nonoman ponakané Rasul Paulus. Nonoman mau nuli mlebu ing bètèng lan mènèhi weruh marang Rasul Paulus.
17 Rasul Paulus nuli ngundang perwira siji, dikandhani mengkéné:

"Nyuwun tulung, kersaa nyowanaken nènèman menika dhateng bapak komandhan, sebab wonten prekawis ingkang badhé dipun aturaken dhateng panjenenganipun."
18 Perwira mau nuli nggawa nonoman
mau disowanaké marang komandhan karo matur: "Paulus, tiyang tahanan menika ngundang kula, nyuwun tulung nyowanaken nènèman menika wonten ing ngarsa panjenengan, sebab wonten pawartos ingkang badhé dipun aturaken dhateng panjenengan."
19 Komandhan mau nuli nggandhèng
nonoman mau dhèwèkan, nuli ditakoni: "Apa sing arep kokaturaké marang aku?"
20 Wangsulané nonoman mau: "Tiyang-
tiyang Yahudi sami ngawontenaken komplotan, badhé nyuwun supados panjenengan mbénjing-énjing mbekta Rasul Paulus dhateng Pradataning Agami, ingkang éthok-éthok badhé niti priksa prekawisipun malih langkung tliti.
21 Nanging panjenengan sampun
ngantos pitados, sebab wonten tiyang kawan dasa langkung, ingkang sampun siyaga badhé nyegat Rasul Paulus, malah sami sumpah, mboten badhé sami

nedha utawi ngombé menawi dèrèng mejahi Rasul Paulus. Rancangan menika sampun mateng, kantun ngentosi wangsulan saking panjenengan."
22 Komandhan mau banjur kandha: "Kowé aja kandha karo sapa-sapa, yèn kowé wis lapur marang aku." Nonoman mau nuli dikon mulih.
23 Komandhan mau nuli ngundang perwiran loro, padha didhawuhi mengkéné: "Sedhiyakna prejurit rong atus, lan prejurit jaranan pitung puluh, tuwin prejurit sing sikep tumbak rong atus. Prejurit-prejurit mau mengko bengi jam sanga, kudu padha mangkat menyang kutha Kaisaréa.
24 Sedhiyakna uga jaran tunggangan sawetara kanggo Paulus. Kowé tanggung jawab bab keslametané Paulus nganti tekan ngarsané Gubernur Félix."
25 Sawisé kuwi komandhan mau banjur nulis layang katur marang Gubernur Félix, sing surasané mengkéné:
26 "Serat mugi katur ing panjenenganipun Gubernur Félix. Ingkang minulya! Salam saking Klaudius Lisias.

27 Keparenga kula ngaturi pirsa, bilih
nalika tiyang-tiyang Yahudi nyepeng
tiyang (Saulus) menika, badhé dipun
pejahi, kula ngertos, bilih tiyang wau
warganing krajan Rum. Mila nunten kula
wilujengaken, srana ngginakaken para
prejurit.
28 Sarèhné kula badhé mriksa menapa
sebab-sebabipun déné tiyang-tiyang
Yahudi wau badhé mejahi Paulus, mila
tiyang menika kula bekta dhateng
Pradata Agaminipun tiyang-tiyang
Yahudi.
29 Kula mangertos, bilih pandakwanipun
tiyang-tiyang wau magepokan kaliyan
angger-anggeripun agami Yahudi.
Paulus menika mboten nglampahi
menapa-menapa, ingkang pantes dipun
patrapi paukuman pejah, utawi dipun
kunjara.
30 Sareng kula angsal pawartos,
bilih tiyang-tiyang Yahudi sami damel
komplotan badhé mejahi piyambakipun,
kula nunten ngintun tiyang menika
dhateng panjenengan, lan nyukani
sumerep dhateng para tiyang ingkang
sami nggugat dhateng Paulus, supados
ngajengaken gugatanipun dhateng

panjenengan. Cekap semanten atur
kula. Saking kula Klaudius Lisias."
31 Para prejurit nuli nglakoni apa
sing dipréntahaké, lan bengi kuwi
uga nggawa Rasul Paulus tekan kutha
Antipatris.
32 Ésuké para prejurit sing mlaku
dharat padha bali menyang bètèng
menèh, nanging para prejurit sing
nunggang jaran padha nerusaké lakuné
bebarengan karo Rasul Paulus.
33 Satekané ing Kaisaréa nuli
masrahaké Rasul Paulus marang
gubernur, bebarengan karo layang saka
Klaudius Lisias, komandhané.
34 Sawisé gubernur maca layang mau
nuli nakoni Rasul Paulus, saka ngendi
asalé. Bareng weruh yèn Paulus kuwi
asalé saka Kilikia,
35 gubernur mau nuli ngandika: "Olèhku
arep mriksa prekaramu, yèn wong-wong
sing nggugat kowé wis padha teka."
Gubernur nuli dhawuh supaya Rasul
Paulus ditahan ana ing kedhatoné Sang
Prabu Hérodès.

24 1 Bareng wis limang dina, Imam
Agung Ananias teka bareng karo
para pinituwané bangsa Yahudi lan

pokrol, jenengé Tertulus, saka Kaisaréa. Wong-wong mau padha sowan marang Gubernur Félix lan ngaturaké gugatané.
2 Bareng Rasul Paulus wis ngadhep, pokrol Tertulus banjur ngaturaké gugatané mengkéné: "Bapak gubernur ingkang minulya! Pangrèh panjenengan ingkang saèstu wicaksana sampun ndhatengaken karaharjan dhateng negari kawula; semanten ugi sampun kathah kemajengan-kemajenganipun.
3 Wonten ing pundi kémawon kawula tansah mboten sami kesupèn ngaosi prekawis menika, sarta matur nuwun sanget dhateng panjenengan.
4 Supados mboten kekathahen mbucal wekdal panjenengan, keparenga kula ngaturaken gugatan kawula ingkang cekak, wonten ing ngarsa panjenengan, mekaten:
5 'Kula sami ngyektosi, bilih tiyang menika nuwuhaken karuwedan ingkang mbebayani. Piyambakipun damelipun ngojok-ojoki tiyang kathah kapurih damel gègèr wonten ing antawisipun tiyang Yahudi lan wonten ing pundi-pundi. Tiyang menika dados pemimpinipun tiyang Kristen.

6 Piyambakipun sampun damel najisipun Pedalemanipun Allah, mila lajeng sami kula cepeng. [Kawula sami ngrancang badhé ngadili piyambakipun manut Torètipun bangsa kawula.
7 Nanging komandhan Lisias ngrebat tiyang menika saking tangan kawula sedaya,
8 sarta dhawuh supados gugatan-gugatan tumrap tiyang menika kaaturna dhateng panjenengan.] Menawi panjenengan dangu, temtu panjenengan badhé pirsa saking tiyang menika piyambak, bilih sedaya gugatan kawula menika leres.'"
9 Wong-wong Yahudi sing padha ana ing kono uga padha mèlu-mèlu nggugat Paulus, ringkesé mènèhi paseksi, yèn gugatané Tertulus mau kabèh bener.
10 Gubernur nuli ngidini Rasul Paulus mangsuli gugatan-gugatan mau. Rasul Paulus nuli matur mengkéné: "Bapak gubernur ingkang minulya. Kawula mangertos, bilih panjenengan sampun mataun-taun ngasta hakim wonten ing ngriki, mila kalayan legawaning manah kawula badhé ngaturaken penjawab

tumrap gugatan-gugatan menika, wonten ing ngarsa panjenengan.
11 Panjenengan saged nitipriksa piyambak, bilih dhateng kawula wonten ing kitha Yérusalèm saperlu sembahyang menika saweg kalihwelas dinten.
12 Tiyang-tiyang Yahudi menika dèrèng naté sami mergoki kawula bebantahan kaliyan sintena kémawon wonten ing Pedalemanipun Allah, utawi ngojok-ojoki tiyang kapurih brontak, dadosa wonten ing sinagogé-sinagogé, dadosa wonten ing papan pundi kémawon ing kitha ngriku.
13 Tiyang-tiyang menika sami mboten saged nedahaken bukti-bukti tumrap pandakwanipun.
14 Kawula ngakeni ing ngarsa panjenengan, bilih kawula menika pitados dhateng Gusti Allah, ingkang dipun bektèni déning para leluhur kawula, srana nganut ‘Piwulang Énggal’, ingkang sami dipun anggep lepat déning tiyang Yahudi. Nanging kawula inggih pitados dhateng sedaya ingkang kaserat wonten ing Torètipun Nabi Musa, tuwin ing kitab-kitabipun para nabi.

15 Mboten béda kaliyan tiyang-tiyang
menika, kawula inggih pitados dhateng
Gusti Allah, ingkang prejanji, bilih sedaya
tiyang mbénjing badhé katangèkaken
saking pejah, inggih tiyang mursid,
inggih tiyang awon!
16 Pramila kawula ngudi sasaged-
saged kawula, supados manah
kawula salaminipun resik wonten ing
ngarsanipun Gusti Allah tuwin ing
ngajengipun manungsa.
17 Sasampunipun kepara dangu kawula
mboten wonten ing kitha Yérusalèm,
kawula mrika kaliyan mbekta sumbangan
kanggé bangsa kawula, ngiras badhé
nyaosaken kurban.
18 Inggih nalika kawula ngleresi
nindakaken prekawis-prekawis
menika, sasampunipun nindakaken
upacara sesuci, tiyang-tiyang menika
sami sumerep kawula wonten ing
Pedalemanipun Allah. Wonten ing
ngriku mboten wonten reresah menapa-
menapa, malah nalika semanten ing
ngriku mboten wonten tiyang kathah
ingkang sesarengan kaliyan kawula.
19 Kejawi tiyang Yahudi sawetawis
saking tanah Asia. Malah sejatosipun

inggih tiyang-tiyang menika ingkang mesthinipun ngadhep ing ngarsa panjenengan, semanten wau menawi tiyang-tiyang menika saèstu gadhah alesan kanggé nggugat kawula.
20 Utawi kajengipun tiyang-tiyang menika mratélakaken kalepatan menapa ingkang pinanggih wonten ing kawula, nalika kawula dipun gugat wonten ing ngajengipun Pradataning Agami.
21 Kejawi jalaran saprekawis, inggih menika margi kawula mungel: ‘Kula dipun adili margi enggèn kula pitados, bilih tiyang pejah badhé katangèkaken malih.’"
22 Gubernur Félix, sing akèh kawruhé bab piwulang Kristen, nutup parepatan mau karo ngandika: "Prekara iki bakal dakputus, samangsa komandhan Lisias wis ana kéné."
23 Félix nuli dhawuh marang perwira sing lagi tugas, supaya Rasul Paulus dijaga, karo diwènèhi kamerdikan sawetara, sarta ngidini para mitrané nyukupi kebutuhané.
24 Let sawetara dina Gubernur Félix teka karo garwané, Drusila, wanita Yahudi, Félix dhawuh nimbali Rasul Paulus. Rasul

Paulus nyritakaké bab kaprecayané
marang Gusti Yésus.
25 Nanging bareng Rasul Paulus
mbacutaké sesorahé bab kelakuan
lan bab panyegahé hawa-nepsu sarta
pengadilan ing akir jaman, Félix banjur
wedi sarta muni: "Wis mundura. Yèn ana
wektu kowé daktimbali menèh."
26 Sing mengkono kuwi merga Félix
ngarep-arep, supaya olèh dhuwit
sogokan saka Rasul Paulus. Kuwi sebabé
Rasul Paulus kerep ditimbali lan diajak
omong-omongan.
27 Sawisé rong taun, Gubernur Félix nuli
diganti déning Gubernur Pèrkius Féstus.
Sarèhné kepéngin olèh atiné wong
Yahudi mulané Rasul Paulus ditahan
terus ana ing pakunjaran.

25 1 Satekané Gubernur Féstus ana
ing wilayah kono, let telung dina
panjenengané banjur mangkat saka
Kaisaréa menyang kutha Yérusalèm.
2 Ana ing kana para pengareping imam
sarta pinituwané bangsa Yahudi padha
ngajokaké gugatan-gugatané tumrap
Rasul Paulus. Wong-wong mau padha
njaluk sih-kamirahané Gubernur Féstus,

3 supaya marengaké Rasul Paulus
digawa menyang kutha Yérusalèm;
mangka karepé satemené merga arep
padha nyegat lan matèni ana ing dalan.
4 Nanging Gubernur Féstus mangsuli:
"Paulus rak ditahan ana ing kutha
Kaisaréa, lan aku dhéwé uga bakal bali
mrana.
5 Beciké para pinituwamu padha
bebarengan karo aku menyang Kaisaréa,
lan ana ing kana ngajokna gugatan bab
keluputané."
6 Féstus ana ing kutha Yérusalèm
lawasé wolu tekan sepuluh dina. Sawisé
kuwi Féstus banjur bali menyang kutha
Kaisaréa. Ésuké Féstus lungguh ana ing
bangsal pengadilan lan dhawuh supaya
Rasul Paulus digawa ngadhep.
7 Bareng Rasul Paulus mlebu ing
bangsal pengadilan, wong-wong Yahudi
sing padha teka saka kutha Yérusalèm,
padha ngadeg ngrubung Rasul Paulus
mau, sarta padha ngajokaké pandakwa-
pandakwa sing hébat banget, nanging
ora ana siji waé sing nganggo bukti.
8 Kosokbaliné Rasul Paulus ngaturaké
penjawab mengkéné: "Kula mboten
gadhah kalepatan tumrap Torètipun Nabi

Musa, utawi tumraping Pedalemanipun
Allah, utawi tumrap Kaisar ing Rum."
9 Sarèhné Gubernur Féstus kepéngin
olèh atiné wong Yahudi, mula banjur
pitakon marang Rasul Paulus: "Apa kowé
gelem digawa menyang Yérusalèm lan
dakadili ana ing kana?"
10 Nanging Rasul Paulus mangsuli:
"Kawula ngadeg wonten ing ngriki
menika wonten ing ngarsanipun
pengadilaning pepréntahan Rum, mila
kula inggih nyuwun dipun adili wonten
ing ngriki. Panjenengan piyambak pirsa,
bilih kawula mboten gadhah kalepatan
dhateng tiyang Yahudi.
11 Menawi kawula nerak angger-angger
lan nglampahi prekawis ingkang pantes
kaukum pejah, kawula rila pejah.
Nanging menawi gugatan-gugatan
menika mboten leres, temtu mboten
wonten tiyang ingkang wenang
masrahaken kawula dhateng tiyang-
tiyang Yahudi wau. Kawula nyuwun
prekawis kawula kainggahaken dhateng
pengadilanipun Kaisar Rum!"
12 Sawisé Gubernur Féstus rembugan
karo para penasehaté, banjur mangsuli:
"Sarèhné kowé nyuwun supaya

prekaramu kaunggahaké marang
pengadilané Kaisar Rum, kowé sowana
marang Kaisar Rum."
13 Ora antara suwé Sang Prabu Agripa
lan Bèrniké rawuh ana ing kutha
Kaisaréa, minangka pakurmatan marang
Gubernur Féstus.
14 Sawisé ana ing kono telung dina
lawasé, Féstus nuli nyritakaké prekarané
Rasul Paulus marang Sang Prabu Agripa,
tembungé: "Ing ngriki wonten tiyang
tahanan, tilaranipun Félix.
15 Nalika kawula wonten ing kitha
Yérusalèm, para pengagenging imam
sarta para pinisepuhipun bangsa Yahudi
sami ngajengaken gugatan-gugatan, lan
sami nyuwun supados kawula ngadili
piyambakipun.
16 Nanging tiyang-tiyang wau sami
kawula wangsuli, bilih sanès caranipun
tiyang Rum nampèni pandakwa, menawi
tiyang wau dèrèng dipun purih aben-
ajeng kaliyan ingkang ndakwa, sarta
angsal wewengan nyukani penjawab.
17 Sareng para ingkang sami nggugat
dhateng, tanpa mbucal wekdal, kawula
énjingipun lajeng sampun wonten
ing bangsal pengadilan, sarta sedaya

tiyang ingkang sami nggugat wau sami
ngadhep.
18 Tiyang-tiyang ingkang nggugat
pancèn lajeng sami ngajengaken
gugatanipun, nanging gugatan-gugatan
wau mboten wonten ingkang magepokan
kaliyan pendamel awon, kados ingkang
kula kinten.
19 Ingkang dipun ajengaken namung
prekawis-prekawis ingkang magepokan
kaliyan agaminipun tiyang Yahudi
piyambak, lan bab tiyang ingkang
sampun pejah, nama Yésus, ingkang
miturut Paulus, dumugi samenika taksih
gesang.
20 Sarèhné kula kèwedan badhé mriksa
Paulus, mila kula lajeng takèn dhateng
piyambakipun, menapa purun kabekta
dhateng kitha Yérusalèm, sarta dipun
adili wonten ing ngrika.
21 Nanging Paulus nyuwun supados
prekawisipun kainggahaken dhateng
pengadilanipun Kaisar krajan Rum, sarta
nyuwun supados kawilujenganipun dipun
jagi ngantos prekawisipun dipun adili
déning Kaisar. Mila kula inggih nyukani
préntah supados Paulus dipun jagi,

ngantos dumugi wekdalipun ngintun
piyambakipun dhateng Kaisar."
22 Sang Prabu Agripa nuli ngandika
marang Gubernur Féstus: "Kula inggih
kepéngin mireng saking tiyang menika
piyambak." Wangsulané Féstus:
"Mbénjing-énjing panjenengan saged
mirengaken."
23 Ésuké, Sang Prabu Agripa lan
Bèrniké padha teka ana ing bangsal
pengadilan nganggo upacara keprabon,
kadhèrèkaké déning para komandhané
lan para penggedhé liya-liyané ing kutha
kono. Gubernur Féstus dhawuh ngirid
Rasul Paulus, didhawuhi ngadhep.
24 Gubernur Féstus nuli ngandika:
"Sang Prabu Agripa, tuwin para sedhèrèk
sedaya ingkang wonten ing ngriki.
Menika tiyangipun ingkang sami dipun
gugat déning tiyang-tiyang Yahudi ing
Yérusalèm, mekaten ugi ing ngriki.
Tiyang-tiyang Yahudi menika sami
nguwuh-uwuh supados Paulus menika
kapejahan kémawon.
25 Nanging kula mboten manggihaken
kalepatan menapa-menapa, ingkang
pantes kaukum mawi ukuman pejah.
Lan sarèhné piyambakipun piyambak

nyuwun prekawisipun kainggahaken
dhateng pengadilanipun Kaisar Rum,
kula inggih lajeng badhé ngintun
piyambakipun dhateng kitha Rum.
26 Nanging kula dèrèng gadhah
ketrangan ingkang maton, ingkang
saged kula anggé dhasar kintun serat
dhateng Kaisar. Mila kula samenika
mbekta tiyang menika wonten ing
ngarsa panjenengan sedaya, lan ingkang
rumiyin dhateng panjenenganipun Sang
Prabu Agripa, supados sasampunipun
priksa prekawisipun, kersaa paring
wawasan ingkang saged kula anggé
dhasar nyerat serat wau.
27 Sebab kula kinten mboten
samesthinipun kula ngintun tiyang
tahanan tanpa dipun kanthèni gugatan-
gugatanipun."

26 1 Sang Prabu Agripa ngandika
marang Rasul Paulus: "Kowé kena
ngaturaké penjawabmu." Rasul Paulus
nuli mènèhi sasmita srana tangané, nuli
matur mengkéné:
2 "Ingkang minulya, Sang Prabu Agripa,
kawula rumaos begja dipun parengaken
ngaturaken penjawab tumrap sedaya

pandakwanipun tiyang Yahudi, wonten
ing ngarsanipun Sang Prabu,
3 langkung-langkung margi kula
mangertos bilih Sang Prabu menika
paham sanget dhateng adat tata
caranipun bangsa Yahudi. Awit saking
menika kawula nyuwun kanthi sanget
kersaa Sang Prabu midhangetaken atur
kawula kalayan sabar.
4 Tiyang Yahudi sedaya sami mangertos
menggah gesang kawula wiwit kawula
taksih laré, wonten ing negari kawula
piyambak, ing kitha Yérusalèm.
5 Mekaten ugi tiyang-tiyang menika
sami sumerep menawi sami purun dados
seksi, bilih wiwit-wiwitan mila kawula
dados penganutipun agami ingkang
tegen, inggih menika golongan Farisi.
6 Lan samenika kawula ngadeg wonten
ing ngarsanipun Sang Prabu ing
ngriki, margi kawula pitados dhateng
prejanjinipun Gusti Allah dhateng para
leluhur kita.
7 Ingkang kelampahanipun prejanjian
wau ugi dipun antos-antos déning
taleripun bangsa Israèl kalihwelas.
Inggih jalaran menika para leluhur wau
sami ngabekti dhateng Gusti Allah rinten

lan ndalu. Inggih margi kapitadosan kawula menika, Sang Prabu, kawula dipun dakwa déning tiyang-tiyang Yahudi.
8 Menapa sebabipun déné tiyang-tiyang Yahudi mboten sami pitados, bilih Gusti Allah nangèkaken tiyang pejah?
9 Kala rumiyin kawula piyambak gadhah pemanggih, bilih kawula kedah nglawan dhateng pawartos Injil bab Gusti Yésus saking Nasarèt menika.
10 Panglawan menika kawula tindakaken wonten ing kitha Yérusalèm. Kawula nyuwun serat kwaos dhateng para pengajenging imam, kanggé nglebetaken umatipun Gusti Allah ingkang kathah dhateng pakunjaran. Lan menawi wonten tiyang ingkang kadhawahan paukuman pejah, kawula tumut nyarujuki.
11 Asring kawula nyiksa tiyang-tiyang Kristen menika wonten ing sinagogé-sinagogé lan mbudidaya supados tiyang-tiyang menika sami nyélaki kapitadosanipun. Saking bentèring manah, kawula ngantos késah ugi dhateng kitha-kitha ing sanès negari, supados saged nguya-uya tiyang-tiyang menika."

12 "Inggih kanggé kapreluan menika
kawula késah dhateng kitha Damsyik,
kaliyan mbekta serat kwaos saking para
pengajenging imam.
13 Nalika kawula ngleresi wonten ing
mergi dhateng kitha Damsyik wau,
wetawis tengah dinten, dumadakan
wonten cahya, ingkang padhangipun
ngungkuli padhangipun surya, cumlèrèt
saking langit, nglimputi kawula lan para
tiyang ingkang dados kanthi kawula.
14 Kawula sakanca sami dhawah ing
siti, kawula lajeng mireng swanten
ngandika dhateng kawula mawi basa
Ibrani: 'Saulus, Saulus, yagéné kowé
koknguya-uya Aku? Srana panglawanmu
kuwi kowé natoni awakmu dhéwé, kaya
sapi sing nyépak-nyépak palanging luku.'
15 Kawula lajeng nyuwun pirsa:
'Panjenengan menika sinten, Gusti?'
Pangandikanipun Gusti: 'Aku iki Yésus,
sing kokkuya-kuya.
16 Tangia lan ngadega! Enggon-Ku
ngetingal marang kowé kuwi, merga Aku
netepaké kowé dadi abdi-Ku. Kowé bakal
dadi seksi tumrap wong liyané, yèn kowé
ing dina iki wis ndeleng Aku, lan uga

prekara-prekara liyané, sing mbésuk
bakal Daktuduhaké marang kowé.
17 Kowé bakal Daksengker saka bangsa
Israèl lan saka bangsa-bangsa liyané,
lan Dakutus marani bangsa-bangsa mau.
18 Kowé bakal ngelèkaké mripaté, sarta
nuntun wong-wong kuwi saka pepeteng
marani pepadhang, supaya wong-wong
mau uwal saka pangwasané Iblis marang
pangwasané Gusti Allah. Merga precaya
marang Aku, dosa-dosané wong mau
olèh pangapura lan padha dadi umat
pilihané Gusti Allah.'"
19 "Sang Prabu Agripa ingkang minulya,
margi saking menika kawula lajeng
ngèstokaken dhawuhing wahyu, ingkang
sampun kawula tampi saking swarga
wau.
20 Ingkang rumiyin piyambak kawula
wonten ing kitha Damsyik, saking ngriku
lajeng dhateng kitha Yérusalèm, lajeng
dhateng tanah Yudéa sedaya, saha ugi
dhateng tiyang-tiyang kapir. Tiyang-
tiyang wau sami kawula atag-atag
supados sami mratobat, sarta wangsul
dhateng Gusti Allah, sarta sami nindakna
pendamel-pendamel ingkang nélakaken
pamratobatipun.

21 Inggih margi enggèn kawula
tumindak mekaten menika, murugaken
tiyang-tiyang Yahudi sami nyepeng
kawula, nalika kawula wonten ing
Pedalemanipun Allah. Tiyang-tiyang wau
sami ngangkah mejahi kawula.
22 Nanging ngantos sepriki kawula dipun
ayomi déning Pangéran, lan samenika
kawula ngadeg wonten ing ngriki,
ngaturaken paseksi kawula dhateng
sedaya tiyang, ingkang ageng menapa
déné ingkang alit, menapa ingkang
kawula cariyosaken menika sami kaliyan
ingkang sampun kaweca déning para
nabi lan déning Nabi Musa.
23 Inggih menika, bilih Sang Kristus
ingkang kajanjèkaken badhé rawuh
menika, kedah nandhang sangsara, lan
dados tiyang ingkang kawitan wungu
saking séda, supados Panjenenganipun
martosaken kawilujengan dhateng tiyang
Yahudi lan dhateng tiyang sanès Yahudi;
inggih kawilujengan ingkang minangka
pepadhang wonten ing gesangipun
manungsa."
24 Nalika Rasul Paulus ngaturaké
penjawabé kaya mengkono mau,
Gubernur Féstus banjur ngandika klawan

sora: "Hé Paulus, kowé saiki wis édan! Kawruhmu sing akèh kuwi marakaké kowé édan!"
25 Nanging Rasul Paulus mangsuli: "Kawula mboten éwah, Bapak Gubernur! Tembung kawula sedaya menika leres sarta kula saras saèstu.
26 Mekaten ugi panjenengan, Sang Prabu Agripa, kawula kumawani matur wonten ing ngarsanipun Sang Prabu, sebab kawula mangertos bilih Sang Prabu nguningani prekawis-prekawis menika sedaya, jalaran sedaya prekawis wau kedadosanipun mboten wonten ing pandhelikan.
27 Sang Prabu menapa pitados dhateng menapa ingkang kaserat déning nabi-nabi menika? Kawula mangertos, bilih Sang Prabu pitados!"
28 Wangsulané Sang Prabu Agripa: "Apa kokkira aku sedhéla waé wis bisa kokdadèkaké wong Kristen?"
29 Wangsulané Rasul Paulus: "Panyuwun kawula dhateng Gusti Allah, mugi sekedhap malih menapa dangu panjenengan lan sedaya tiyang ingkang sami mirengaken kawula ing dinten menika saged dados kados déné kawula,

kejawi enggèn kawula dipun ranté
menika."
30 Sawisé Rasul Paulus mengkono, Sang
Prabu lan Gubernur, tuwin Bèrniké lan
wong kabèh padha ngadeg.
31 Bareng wis padha ana ing jaba
wong-wong mau padha rasanan: "Wong
iki ora duwé keluputan sing pantes
kapatrapan paukuman pati utawa
dikunjara."
32 Sang Prabu Agripa nglajengaké
ngendikané marang Gubernur Féstus:
"Leresipun tiyang menika sampun
saged kaluwaran, menawi piyambakipun
mboten nyuwun supados prekawisipun
kainggahaken dhateng Kaisar ing Rum."

27 1 Sawisé ditetepaké yèn aku
kabèh kudu padha mangkat
menyang tanah Italia, Rasul Paulus
lan wong tahanan sawetara liyané nuli
dipasrahaké marang Yulius, perwira
tentara Rum, sing karan ‛Résimèn
Kaisar’.
2 Aku padha nunggang kapal, saka
pelabuhan Adramitium, arep mangkat
menyang pelabuhan-pelabuhan
ing tanah Asia. Aristarkhus, wong
Makédonia, sing tekané saka kutha

Tésalonika, uga bareng karo aku
sakanca.
3 Ésuké aku padha tekan ing kutha
Sidon. Perwira Yulius tangkepé marang
Rasul Paulus apik banget. Yulius nglilani
Rasul Paulus nuwèni para mitrané lan
nampani pawèwèh kanggo nyukupi
kebutuhané.
4 Saka kono aku padha nerusaké
lelayaran. Sarèhné anginé nampek,
enggonku padha lelayaran mau kepeksa
mlipir sauruté pesisiré pulo Siprus, sing
ora keterak angin.
5 Enggonku padha nyabrang segara
metu tanah Kilikia lan Pamfilia, banjur
tekan kutha Mira, ing tanah Likia.
6 Ana ing kono perwira mau olèh kapal,
sing teka saka kutha Alèksandria, lan
arep lelayaran menyang tanah Italia.
Aku kabèh nuli dipindhah ana ing kapal
mau.
7 Nganti sawetara dina enggonku
lelayaran, presasat ora maju-maju.
Wusana klawan rekasa aku padha bisa
tekan kutha Knidhus. Merga anginé
gedhé banget, kita kepeksa metu sisih
kidulé pulo Kréta, ngliwati Tanjung
Salmoné.

8 Tujuné merga kaaling-alingan pulo
Kréta aku padha bisa mlipir, senajan
klawan rekasa banget, nganti akiré bisa
tekan panggonan sing disebut pelabuhan
'Tentrem', cedhak karo kutha Laséa.
9 Enggonku padha ana ing pelabuhan
kono suwé, merga yèn nerusaké
lelayaran, kaanané mbebayani. Nalika
semana dina Riaya Yahudi Panebusan
wis kliwat. Mulané Rasul Paulus
mrayogakaké para pengurusé prau
mengkéné:
10 "Bapak-bapak, enggèn kita lelayaran
badhé manggih bebaya kathah. Mboten
namung momotan lan kapal menika
ingkang badhé ngalami karisakan ageng,
nanging ugi nyawa kita!"
11 Nanging perwira mau luwih precaya
marang juru-mudhi lan wong sing duwé
prau ketimbang marang Rasul Paulus.
12 Pelabuhan ing kono pancèn ora
kepénak kanggo ngaso ing wektu
bedhidhing. Mulané para punggawané
kapal sapérangan gedhé padha setuju,
yèn enggoné lelayaran diterusaké,
karepé supaya bisa tekan pelabuhan
Féniks, yakuwi pelabuhan ing pulo Kréta,
sing madhepé Kidul-kulon lan Lor-kulon,

dadi cocog kanggo ngaso sasuwéné
mangsa bedhidhing.
13 Bareng ana angin sumilir saka ing
sisih Kidul, wong kabèh padha ngira yèn
kuwi wektu sing becik kanggo mangkat.
Jangkaré nuli dibedhol lan prauné banjur
mlipir cedhak karo pesisiré pulo Kréta.
14 Dumadakan ana prahara saka
dharatan, sing lumrahé disebut angin
‘Lor-wétan’,
15 nempuh prau mau. Sarèhné angin
mau ora kena ditanggulangi, kapal mau
nuli diumbar waé, kéntir.
16 Aku lagi padha kaaling-alingan,
bareng tekan ing sakidulé pulo cilik, sing
aran pulo Kaudha. Kanthi ngrekasa aku
padha bisa nylametaké sekoci kapal.
17 Sekoci mau diunggahaké ana ing
kapal, nuli ditalèni. Kapal kuwi dhéwé
nuli iya dierut mubeng. Sarèhné padha
wedi yèn kapal mau bakal kandhas
ana ing pasir, ing péranganing pesisir
sacedhaké Libia sing banyuné cethèk,
mulané layaré kapal nuli digulung, lan
kapal mau diumbar katempuh ing angin.
18 Anginé saya suwé saya banter,
mulané ésuké momotané kapal nuli
dibuwangi ana ing segara.

19 Lan ésuké menèh pirantiné kapal uga
wiwit dibuwangi, mung nganggo tangan
waé.
20 Embuh pira lawasé aku padha
ora weruh srengéngé, apa menèh
lintang-lintang. Anginé wis malih dadi
prahara sing nggegirisi. Wusana aku wis
padha ora duwé pengarep-arep yèn isih
bakal padha slamet.
21 Sarèhné wong akèh mau wis suwé
ora padha mangan, Rasul Paulus nuli
ngadeg ana ing tengahé wong-wong mau
karo kandha mengkéné: "Para sedhèrèk,
menawi rumiyin panjenengan sami
nggega dhateng atur kula, lan mboten
mangkat saking pulo Kréta, temtu kita
mboten badhé nemahi karisakan lan
kapitunan kados samangké menika.
22 Nanging samenika panjenengan
mboten sisah kuwatos, sebab mboten
wonten tiyang setunggal kémawon
ingkang badhé tiwas. Namung baita
menika kémawon ingkang mboten badhé
saged kaalap.
23 Sebab kala wau dalu Gusti Allah
ingkang kula bektèni, sampun ngutus
malaékatipun,

24 sarta ngandika: ‘Kowé aja wedi,
Paulus! Sebab kowé bakal ngadeg ana
ing ngarepé Kaisar Rum. Lan merga
kowé, Gusti Allah sajroné kamirahané
bakal paring slamet marang kabèh wong
sing bebarengan karo kowé ana ing prau
kuwi!’
25 Awit saking mekaten, para sedhèrèk
kula aturi sami tatag ing manah, sebab
kula pitados, bilih sedaya prekawis
menika badhé kelampahan kados
ingkang sampun kapangandikakaken
déning Gusti Allah.
26 Kita mangké badhé kandhas wonten
ing salah setunggaling pulo."
27 Bengi sing kaping patbelas, nalika
kita lagi kéntir ana ing segara Adria, kira-
kira tengah wengi, para punggawané
kapal padha ngira yèn wis cedhak karo
dharatan.
28 Banjur padha ngukur jeroné banyu
nganggo piranti penjajagan. Ketitik
jeroné banyu ing kono telung puluh nem
setengah mèter. Ora suwé wong-wong
mau padha nguncalaké watu penjajagan
mau, lan ketitik yèn jeroné saiki pitulikur
setengah mèter.

29 Wong-wong mau padha kuwatir,
yèn prauné bakal nabrak watu, mulané
banjur padha ngudhunaké jangkar
papat saka péranganing kapal-kapal
sing mburi, lan ngarep-arep supaya gèk
endang padhang.
30 Nanging para punggawané prau mau
karepé arep padha ninggal prauné.
Sekociné arep diudhunaké ana ing
banyu, nanging éthok-éthok arep
ngudhunaké jangkar saka péranganing
prau sisih ngarep.
31 Nanging Rasul Paulus kandha karo
perwira lan prejurit-prejurit sing ana ing
kono, mengkéné: "Menawi punggawa
kapal menika mboten sami tetep wonten
ing baita, panjenengan sedaya mesthi
mboten badhé sami wilujeng."
32 Mulané para prejurit nuli padha
ngethoki taliné sekoci, nganti sekoci mau
kejegur ing segara lan kéntir.
33 Bareng wis padhang, Rasul Paulus
banjur akon wong kabèh supaya padha
mangan: "Sampun sekawan welas dinten
laminipun enggèn panjenengan sami
ngantos-antos murih kawilujengaken,
tanpa nedha menapa-menapa.

34 Samenika prayoginipun panjenengan
sami nedha rumiyin, sebab panjenengan
mbetahaken kekiyatan, supados mboten
sami pejah."
35 Sawisé mengkono, Rasul Paulus
nuli njupuk roti sarta ana ing ngarepé
wong akèh mau Rasul Paulus ndedonga
nyuwun berkah, banjur nyuwil-nyuwil
roti mau, lan wiwit dipangan.
36 Wong-wong mau atiné lejar menèh,
sarta wiwit padha gelem mangan
sethithik.
37 Cacahé wong sing ana ing kapal kono
ana rong atus pitung puluh nem.
38 Sawisé kabèh padha mangan,
wong-wong mau nuli padha mbuwang
momotané gandum ana ing segara,
supaya prauné dadi ènthèng.
39 Bareng wis awan, para punggawané
kapal nuli padha weruh pesisiré
sawijining teluk, nanging ora padha
ngerti kuwi teluk endi. Wong-wong mau
padha ngrancang arep ndharat ana ing
pesisir kono.
40 Taliné jangkar nuli dipedhoti,
jangkaré ditinggal ing dhasaring segara,
semono uga tali sing kanggo nalèni
kemudhi. Layaré prau sing ngarep

dipasang, supaya anginé bisa nyurung
prau mau menyang pesisir.
41 Nanging kocapa, prau mau kandhas
ana ing pasir ing panggonan sing cethèk.
Péranganè prau sing ngarep ambles
bles, déné pérangan sing mburi remuk
merga ditempuh déning ombak sing
gedhé banget.
42 Nalika semana para prejurit padha
arep matèni pesakitan kabèh, supaya aja
padha bisa minggat, nglangi menyang
dharatan.
43 Nanging komandhané kepéngin
nylametaké Rasul Paulus, mulané niyaté
para prejurit mau dipenggak. Tumuli
komandhan mau awèh préntah, supaya
saben wong sing bisa nglangi, padha
dikon njegur dhisik nglangi menyang
dharatan;
44 déné wong-wong liyané kudu nusul,
ngéntir cekelan blabag-blabag utawa
pecahan-pecahan kapal. Mengkono
dadiné wong kabèh mau padha bisa
tekan dharatan kanthi slamet.

28 1 Sawisé aku padha tekan
dharatan kanthi slamet, aku lagi
padha ngerti, yèn pulo kuwi pulo Malta.

2 Wong-wong pribumi ing pulo kono tangkepé marang aku kabèh becik banget. Nalika semana wiwit udan, lan hawané adhem. Mulané wong-wong pribumi mau banjur padha gawé bedhiyang, lan aku kabèh padha diajak mrono.

3 Rasul Paulus uga mèlu ngumpulaké kayu-kayu, lan nalika lagi numpangaké kayu-kayu mau ana ing ndhuwur geni, dumadakan ana ula, sing merga panasing geni, metu saka kayu-kayu mau, lan nyokot tanganė Rasul Paulus.

4 Bareng wong pribumi mau padha weruh ula kuwi kumlawèr gumandhul ana ing tanganė Rasul Paulus, banjur padha rerasanan: "Wong kuwi mesthi tukang matèni wong, mulané wis ditakdiraké kudu mati, senajan dhèwèké wis oncat saka bebaya ing segara."

5 Nanging Rasul Paulus ngipataké ula mau, nganti ulané tiba ana ing njero geni. Rasul Paulus ora krasa lara babar-pisan.

6 Wong-wong mau padha ngira yèn tanganė Rasul Paulus bakal abuh, lan dhèwèké bakal tiba dadakan, nuli mati. Nanging bareng wis dientèni suwé ora

apa-apa, wong-wong mau nuli padha
mbalik lan muni: "Wong iki genah déwa!"
7 Cedhaké kono ana palemahan duwèké
Publius, penggedhéné pulo kono. Publius
mau mbagèkaké aku kabèh klawan
bungah, lan aku kabèh banjur padha
nginep ana ing omahé, dadi tamuné
nganti telung dina lawasé.
8 Nalika semana bapakné Publius
lagi lara panas lan lara mbebuwang.
Rasul Paulus banjur mlebu ing kamaré
wong sing lara mau, nuli ndedonga lan
numpangaké tangané ana ing wong
mau, temahan wongé dadi waras.
9 Weruh lelakon sing mengkono mau,
kabèh wong lara ing pulo kono nuli
padha digawa menyang panggonané
Rasul Paulus, sarta padha diwarasaké.
10 Aku padha olèh presèn akèh,
lan nalika aku arep padha mangkat
lelayaran menèh, aku padha disangoni
barang-barang kebutuhané wong
lelayaran.
11 Sawisé telung sasi ana ing pulo Malta
kono, aku nuli padha nunggang kapal
sing teka saka kutha Alèksandria, sing
nganggo lambang "Dioskuri".[d] Kapal

---

[d]Dioskuri: Lintang kembar.

kuwi kabèh ana ing kono sasuwéné
mangsa bedhidhing.
12 Bareng tekan kutha Surakus, aku
padha mampir ana ing kono telung dina.
13 Saka kono aku padha nerusaké
lelayaran menyang kutha Régium. Ésuké
ana angin saka Kidul, lan let rong dina
aku wis padha tekan kutha Putioli.
14 Ana ing kono aku padha kepethuk
karo sedulur Kristen sawetara, banjur
dikon nginep ing kono nganti seminggu
lawasé. Sawisé mengkono, aku padha
tekan ing kutha Rum.
15 Para sedulur ing kutha Rum wis
padha krungu kabaré bab aku sakanca.
Enggoné methuk aku sakanca tekan
Pasar Apius lan Très Tarbéné.[e] Bareng
Rasul Paulus kepethuk para sedulur
mau, banjur ngaturaké panuwun marang
Gusti Allah, sarta nyantosakaké atiné
para sedulur mau kabèh.
16 Bareng aku wis padha tekan ing
kutha Rum, Rasul Paulus diparengaké
manggon dhéwé, dijaga déning prejurit
siji.
17 Sawisé telung dina, Rasul Paulus nuli
ngundang para pengarepé wong Yahudi

---

[e]Très Tarbéné: Pesanggrahan telu.

ing papan kono. Sawisé padha ngumpul, dikandhani mengkéné: "Para sedhèrèk kula sedaya! Senajan kula mboten kalepatan menapa-menapa dhateng bangsa kita, utawi nerak adat tata-cara, ingkang kawarisaken déning para leluhur dhateng kita, éwasemanten kula dipun tahan wonten ing kitha Yérusalèm, sarta dipun pasrahaken dhateng tiyang Rum.
18 Sasampunipun tiyang Rum wau mriksa prekawis kula, lajeng nedya badhé ngluwari kula, jalaran mboten sami manggihaken lepat kula setunggal kémawon, ingkang pantes kapatrapan paukuman pejah.
19 Nanging tiyang-tiyang Yahudi sami ngotot, ngantos kula kepeksa nyuwun supados prekawis kula kainggahaken dhateng pengadilanipun Kaisar Rum. Kula piyambak mboten badhé ngajengakan gugatan menapa-menapa tumrap bangsa kula.
20 Menika sebabipun kula ngaturi panjenengan sedaya rawuh mriki, supados kula saged pirembagan kaliyan panjenengan. Enggèn kula kakunjara menika margi kula pitados dhateng

Panjenenganipun ingkang rawuhipun
dipun antos-antos déning tiyang Israèl."
21 Wong-wong Yahudi mau nuli padha
mangsuli: "Kula sami mboten nampi
serat menapa-menapa saking tanah
Yudéa bab panjenengan. Ugi mboten
wonten sedhèrèk setunggal kémawon
saking ngrika ingkang kautus mbekta
pawartos, saé utawi awon.
22 Kula kepéngin sami mireng
kadospundi menggah pemanggih
panjenengan ing bab piwulang énggal
menika, sebab kula sami sumerep, bilih
wonten ing pundi-pundi piwulang menika
dipun mengsahi."
23 Wong-wong mau banjur padha
mijèkaké dina kanggo Rasul Paulus.
Bareng wis tekan dinané, wong-wong
mau padha teka ana ing omahé Rasul
Paulus. Wiwit ésuk tekan soré, Rasul
Paulus nyritakaké lan nerang-nerangaké
bab pawarta sing magepokan karo
Kratoné Gusti Allah. Rasul Paulus ngudi
ngyakinaké wong-wong Yahudi bab
Gusti Yésus, adhedhasar ayat-ayat sing
dipethik saka Torèté Nabi Musa lan
kitabé para nabi.

24 Ana sing padha yakin yèn sing dikandhakaké déning Rasul Paulus kuwi pancèn bener, nanging ana uga sing ora precaya.
25 Wong-wong mau nuli padha mulih saka kono karo padha bebèncèngan. Kuwi kelakon sawisé Rasul Paulus methik ayat, sing surasané mengkéné: "Cocog sanget pangandikanipun Sang Roh Suci, ingkang dipun wedharaken déning Nabi Yésaya dhateng para leluhur kita!
26 Mekaten: ‘Paranana lan kandhaa marang bangsa iki: Kowé bakal padha krungu, nanging ora ngerti. Kowé bakal padha nggatèkaké, nanging ora ngerti apa sing kelakon.
27 Sebab pikiranmu kuwi kethul, kupingé wis dipepeti nganti padha dadi budheg, lan mripaté padha dieremaké, nganti dadi wuta. Saupama ora mengkono, mripaté rak bisa ndeleng lan kupingé rak bisa ngrungokaké, lan pikirané rak bisa ngerti, temah banjur padha mratobat lan Dakwarasaké.’"
28 Rasul Paulus banjur mbacutaké paseksiné: "Andadosna ing pangertosanipun para sedhèrèk sedaya, bilih pawartos kawilujengan

peparingipun Gusti Allah menika
samenika sampun kawartosaken
dhateng tiyang-tiyang sanès Yahudi,
lan tiyang-tiyang wau sami remen
mirengaken!"
29 [Sawisé Rasul Paulus muni
mengkono, wong-wong Yahudi mau
nuli padha bubar, lunga saka kono karo
padha padu dhéwé.]
30 Rong taun lawasé Rasul Paulus ana
ing kutha Rum kono, ngenggoni omah
sing diséwa dhéwé. Sapa waé sing padha
tilik mrono ditampani.
31 Rasul Paulus martakaké Kratoné
Gusti Allah lan memulang bab Gusti
Yésus klawan kendel, tanpa ana sing
ngarubiru.

Roma

1 [1] Layang iki saka aku, Paulus, abdiné
Gusti Yésus Kristus, sing dipilih lan
ditimbali déning Gusti Allah, supaya
ngabaraké Injil.
[2] Injil kuwi Kabar Kabungahan bab
kebabaring janjiné Gusti Allah, sing dhèk
biyèn didhawuhaké lantaran para nabi,
katulis ana ing Kitab Suci.
[3] Yakuwi bab Gusti Yésus Kristus,
Putrané Allah. Manut tata kamanungsané
Gusti Yésus turuné Sang Prabu Dawud;
[4] nanging sajatiné Panjenengané kuwi
Putrané Gusti Allah Kang Mahakwasa,
ketitik saka enggoné diwungokaké saka
ing séda.
[5] Lantaran Panjenengané mau, aku wis
diparingi kanugrahan déning Gusti Allah,
ditimbali dadi rasul iki kadhawuhan
nuntun sakèhing bangsa supaya padha
precaya lan mbangun-turut marang
Gusti Allah.
[6] Kowé sing padha manggon ana ing
Rum, wis dadi kagungané Sang Kristus
klebu ana ing bangsa-bangsa mau.

7 Mulané aku nulis layang iki marang
kowé, awit kowé uga padha katimbalan
dadi umat kagungané. Gusti Allah, Rama
kita lan Gusti Yésus Kristus maringana
sih-rahmat lan katentreman marang
kowé.
8 Luwih dhisik aku saos sukur marang
Gusti Allah, lantaran Gusti Yésus Kristus,
merga precayamu sing wis kesuwur ing
salumahing bumi.
9 Gusti Allah sing dakbektèni klawan
éklasing ati srana ngabaraké Injil bab
Putrané, pirsa yèn sing dakkandhakaké
kuwi nyata. Gusti Allah pirsa, yèn saben
aku ndedonga, tansah ngèlingi kowé.
10 Panyuwunku, muga saka kersané
Gusti Allah piyambak, aku kepareng
niliki kowé.
11 Awit aku kepéngin banget ketemu
karo kowé, supaya aku bisa nglantaraké
berkah sing daktampa saka Sang Roh
Suci marang kowé, murih santosamu.
12 Karepku supaya kowé lan aku
disantosakaké bebarengan; aku merga
saka precayamu, lan kowé merga saka
precayaku.
13 Para sedulurku, aku wis kerep
ngrancang arep niliki kowé, nanging

tansah ana-ana waé alangané. Aku
kepéngin supaya pegawéanku ana ing
antaramu uga njalari wong akèh padha
mratobat, ora béda karo sing wis kelakon
ana ing antarané para bangsa dudu
Yahudi.
14 Sebab aku duwé kuwajiban marang
para bangsa kabèh, iya sing kabudayané
luhur, iya sing asor, iya sing pinter, iya
sing bodho.
15 Kuwi sing dadi sebabé aku kepéngin
ngabaraké Injil mau, uga marang kowé,
sing padha manggon ana ing kutha Rum.
16 Aku yakin, yèn Injil kuwi pangwasané
Gusti Allah, sing nylametaké wong kabèh
sing precaya marang Gusti Yésus Kristus,
luwih-luwih wong Yahudi, semono uga
wong-wong sing dudu Yahudi.
17 Awit Injil kuwi nuduhaké enggoné
Gusti Allah ngrukunaké manungsa karo
sariranè piyambak, mung lantaran
precaya marang panjenengané, wiwit-
wiwitan tekan pungkasan, kaya sing
katulis ing Kitab Suci: "Wong sing
dirukunaké karo Gusti Allah lantaran
precaya, kuwi sing bakal urip!"
18 Bebenduné Gusti Allah tumrap
sakèhing dosa lan durakané manungsa

kadhawahaké saka swarga, sebab
duraka mau ngalang-alangi manungsa,
nganti padha ora weruh marang
kasampurnan.
19 Gusti Allah ngukum manungsa,
jalaran bab kawontenané Gusti Allah,
kuwi manungsa wis cetha kabèh. Iya
Gusti Allah piyambak sing maringi
weruh.
20 Wiwit jagad dititahaké, kawontenané
Gusti Allah sing ora ketingal, yakuwi
pangwasané sing langgeng sarta ka-
Allahané, wis diketingalaké kanthi cetha
ana ing samubarang sing dititahaké,
mulané manungsa wis ora bisa sélak.
21 Manungsa ngerti, nanging Gusti
Allah ora padha disaosi pakurmatan,
lan padha ora saos sukur marang
Panjenengané. Kosokbaliné sing dipikir
malah prekara-prekara sing tanpa guna.
Budiné dadi peteng lelimengan.
22 Rumangsané wicaksana, nanging
satemené bodho.
23 Sing padha disembah dudu Gusti
Allah sing sipat langgeng, nanging
reca-reca sing digawé manut rerupaning
manungsa sing ora langgeng, utawa

manuk-manuk, kéwan-kéwan sikil papat,
utawa kéwan-kéwan rumangkang.
24 Sarèhné manungsa dadi bodho kaya
mengkono, mulané Gusti Allah nguja
manungsa nglakoni prekara-prekara sing
asor lan nistha manut sasenengé atiné.
Kabèh padha nglakoni prekara-prekara
sing rusuh.
25 Kasetyané Gusti Allah dilironi goroh.
Wong-wong mau padha luwih seneng
lan ngabekti marang barang gawéané
dhéwé ketimbang karo Gusti Allah, sing
nitahaké, sing mesthiné diluhuraké ing
selawas-lawasé. Amin.
26 Merga saka iku, Gusti Allah
masrahaké wong-wong mau marang
hawa-nepsuné dhéwé sing rusuh. Wong
wadon padha tumindak rusuh ninggal
kalumrahan.
27 Mengkono uga wong lanang padha
nyimpang saka patrapé sanggama sing
lumrah karo wong wadon, nanging padha
birai karo pepadhané wong lanang.
Lanang karo lanang padha tumindak
nistha, nganti padha nampa piwales sing
timbang karo dosané mau.
28 Sarèhné rumangsané ora prelu
wanuh marang Gusti Allah, mulané Gusti

Allah négakaké. Pikirané wong-wong
mau dadi rusak, nganti padha nglakoni
sing ora patut.
29 Atiné padha kebak piala, duraka lan
srakah; padha drengki, seneng gawé
pati, kerengan, culika, lan seneng gawé
susahé liyan.
30 Padha umuk, lan ngundhat-undhat,
ngala-ala jenengé wong liya, sarta sengit
marang Gusti Allah. Padha kurang ajar,
gumunggung lan gumedhé. Wong-wong
mau padha sugih réka kanggo nglakoni
piala, sarta nglawan marang wong tuwa,
31 murang-sarak, ora netepi janji,
gampang ninggal kuwajiban lan ora
duwé welas marang sapepadhané.
32 Senajan padha ngerti yèn manut
angger-anggeré Gusti Allah, wong sing
padha nglakoni mengkono mau mesthi
diukum pati, éwasemono ora kapok,
malah iya ngrujuki wong-wong liya sing
uga nindakaké mengkono.

2 1 Mulané para sedulurku, apa kowé
padha wani ngadili wong liya, ing
ngatasé kowé dhéwé kegolong wong
sing ora bakal luput saka kesalahan?
Merga yèn kowé ngluputaké wong liya,
mangka kowé dhéwé lupute padha, apa

kowé ora nibakaké paukuman marang
awakmu dhéwé?
2 Kita padha ngerti, yèn paukumané
Gusti Allah tumrap wong-wong sing
padha nglakoni mengkono mau, pancèn
adil.
3 Nanging kowé, para sedulur, kowé
dhéwé rak iya padha nglakoni penggawé-
penggawé kaya sing kokdakwakaké
wong liya mau? Apa kokanggep kowé
bisa uwal saka paukumané Allah?
4 Utawa apa kowé arep ngrèmèhaké
marang sih-kamirahané Gusti Allah
sing gedhé banget kuwi lan kabecikané
sarta kesabarané? Apa kowé ora ngerti
yèn enggoné Gusti Allah ngetingalaké
sih-kamirahané kuwi merga ngersakaké,
supaya kowé padha mratobat marang
Panjenengané?
5 Kowé pancèn padha ndableg lan
wangkot ing ati. Srana mengkono kowé
mung gawé aboting paukumanmu
dhéwé mbésuk ing Dina Kiamat, samasa
bebenduné Gusti Allah lan paukumané
dipatrapaké.
6 Sebab Gusti Allah bakal males marang
saben wong manut penggawéné.

7 Marang wong sing tansah nglakoni
kabecikan lan nganti-anti marang
kamulyan lan kaluhuran sarta
kelanggengan, Gusti Allah bakal maringi
urip langgeng.
8 Nanging wong sing srakah, sing
nampik marang bebeneran, lan dhemen
marang piala, bakal nampani bebendu
lan dukané Gusti Allah.
9 Saben wong sing nglakoni penggawé
ala, bakal ngrasakaké momotan lan
kasangsaran, embuh wong Yahudi utawa
wong-wong bangsa liyané.
10 Marang wong sing padha
nglakoni kabecikan, Gusti Allah
bakal maringi kamulyan, kaurmatan
sarta katentreman, luwih-luwih wong
Yahudi, mengkono uga wong-wong dudu
Yahudi.
11 Merga Gusti Allah ngadili saben wong
tanpa pilih kasih.
12 Wong-wong dudu Yahudi padha ora
ngerti Torèté Nabi Musa. Wong-wong
mau padha nglakoni dosa sarta padha
kesasar, mula paukumané ora dhedhasar
Torèt. Nanging wong Yahudi padha
nduwèni Torèt. Wong mau padha gawé

dosa lan bakal diukum manut surasané
Torèt mau.
13 Sebab wong enggoné dirukunaké
karo Gusti Allah kuwi ora merga ngerti
marang Torèt, nanging merga nglakoni
apa sing didhawuhaké déning Torèt mau.
14 Wong-wong kapir (dudu Yahudi)
padha ora duwé Torèt, nanging yèn
klawan éklasing ati nglakoni apa
sing didhawuhaké déning Torèt mau,
atiné wong mau dhéwé dadi angger-
angger tumraping wong mau, senajan
wong-wong mau padha ora duwé Torèt.
15 Penggawéné wong mau dhéwé
nélakaké yèn apa sing didhawuhaké
déning Torèt, kuwi wis katulis ana
ing atiné wong-wong mau. Swaraning
atiné wong-wong mau dhéwé sing
mbuktèkaké, jalaran iya swarané atiné
dhéwé mau sok-sok ngluputaké, sok-sok
mbeneraké penggawéné.
16 Manut Injil sing dakwartakaké, iya
kaya mengkono kuwi sing bakal kelakon
mbésuk ing Dina Pengadilan; yèn Gusti
Allah ngadili sakèhing wewadining ati lan
pikirané, manungsa lantaran Gusti Yésus
Kristus.

17 Lah saiki kowé dhéwé kepriyé? Kowé
ngaku wong Yahudi; ngandhemi marang
Torèt lan kumandel marang Gusti Allah.
18 Kowé padha ngerti kersané Gusti
Allah, lan wis sinau saka Torèt, bab sing
ala lan sing becik.
19 Kowé padha yakin, yèn kowé kuwi
dadi panuntuné wong sing wuta, lan dadi
pepadhang tumraping wong sing padha
ana ing pepeteng.
20 Lan sing nggulawenthah wong sing
bodho, sarta dadi guruné para nonoman.
Kowé yakin, yèn saka Torèt mau kowé
nampa sakèhing kawruh lan bebeneran.
21 Kowé padha mulang wong liya,
nanging yagéné kowé padha ora mulang
awakmu dhéwé? Kowé muni: "Aja
nyenyolong," nanging apa sebabé déné
kowé dhéwé koknyolong?
22 Kowé muni: "Aja laku bédhang!,"
nanging généa kowé dhéwé kokbédhang?
Kowé padha sengit marang brahala,
nanging yagéné kowé dhéwé malah
ngrampog ana ing omah-omahé brahala?
23 Kowé padha ngumukaké enggonmu
duwé Torèt, nanging yagéné kowé
padha gawé lingsemé Gusti Allah merga
enggonmu ora nglakoni dhawuhé?

24 Sebab ana tulisan: "Iya merga saka
kowé asmané Gusti Allah dicecamah ana
ing antarané bangsa-bangsa liya."
25 Yèn kowé netepi Angger-anggering
Torèt, tetakmu ana gunané, nanging
yèn kowé ora netepi, tetakmu ora ana
paédahé.
26 Yèn wong dudu Yahudi ora tetak,
nanging netepi Angger-anggering Torèt,
apa Gusti Allah ora bakal nampa wong
kuwi kaya wong sing wis ditetaki?
27 Lan bangsa-bangsa mau bakal
nyalahaké kowé, wong-wong Yahudi,
merga kowé sing duwé Torèt lan tetak,
nanging padha nerak Angger-anggering
Torèt, mangka wong-wong padha ora
tetak, nanging padha mbangun-turut
marang Angger-anggering Torèt.
28 Sebab sapa ta satemené sing
disebut wong Yahudi kuwi? Lan sapa
sing sejatiné ditetaki? Dudu wong
sing enggoné dadi Yahudi merga saka
kelairané, lan ditetaki manut tata lair.
29 Wong Yahudi sing sejati, yakuwi wong
sing jiwané Yahudi, sing tetak manut
tata rohani. Kuwi pakaryaning Rohé
Gusti Allah; dudu penggawéné Kitab

Torèt. Wong mau olèh pangalembana
saka Gusti Allah, ora saka manungsa.

3 1 Yèn mengkono, apa wong Yahudi
kuwi luwih pinunjul ketimbang
karo bangsa-bangsa liyané, utawa
bangsa-bangsa kapir? Lan tetak kuwi
apa ana paédahé?
2 Paédahé gedhé banget! Sebab
saora-orané Gusti Allah wis maringaké
pangandikané marang wong Yahudi.
3 Banjur kepriyé, yèn ana sagolongané
wong Yahudi sing ora setya? Apa ateges,
yèn Gusti Allah kuwi ora setya?
4 Mesthi ora! Sebab Gusti Allah kuwi
setya tuhu, senajan manungsa kabèh
padha goroh, kaya sing katulisan
ana ing Kitab Suci mengkéné:
"Supados Panjenengan ketitika leres
ing sapangandika Panjenengan, saha
menang samasa dipun adili tiyang."
5 Nanging yèn merga saka duraka
kita kaadilané Gusti Allah dadi lan
cethané, kita arep kandha apa? Apa
Gusti Allah dadi ora adil, samangsa
Panjenengané ngukum kita merga
keluputan kita? (Kandhaku iki manut
pikirané manungsa.)

6 Mesthi waé ora! Sebab yèn Gusti Allah
ora adil, kepriyé bisané Panjenengané
ngadili jagad iki?
7 Lan menèh menawa kaadilané Gusti
Allah katon luhuré, merga saka gorohku,
yagéné gorohku kuwi disalahaké, lan
aku dianggep wong dosa?
8 Apa sebabé kokkita ora kena muni
mengkéné: "Ayo padha nglakoni piala,
supaya ketara endi sing becik?" Pancèn
ana wong sing ndakwa aku muni
mengkono. Gusti Allah bakal ngukum
wong mau manut apa mesthiné.
9 Yèn mengkono, apa kita, wong Yahudi,
luwih becik ketimbang karo wong
dudu Yahudi? Babar-pisan ora! Aku wis
mbuktèkaké yèn wong Yahudi lan wong
liyané kuwi padha kawengku déning
pangwasané dosa.
10 Ing Kitab Suci katulis mengkéné:
"Siji waé ora ana wong sing bener,
11 ora ana wong sing ngerti utawa sing
kepéngin ngerti marang kersané Gusti
Allah.
12 Sebab wong kabèh wis padha
nyingkur marang Gusti Allah, wong
kabèh wis padha kesasar. Ora ana siji

waé wong sing nglakoni kabecikan; siji
waé ora ana!
13 Gurungé kaya kuburan menga, ilaté
seneng goroh lan apus-apus; sarta
panyatur alané metu saka lambéné kaya
wisané ula.
14 Cangkemé kebak ipat-ipat lan laknat.
15 Gampang yèn nganiaya lan matèni
wong.
16 Saenggon-enggon nganakaké
karusakan lan nuwuhaké kasangsaran.
17 Dalaning katentreman padha ora
diambah.
18 Wong-wong mau durung tau nduwèni
rasa wedi marang Gusti Allah."
19 Saiki kita ngerti, yèn samubarang
sing didhawuhaké déning Torèt, kuwi
kanggo wong-wong sing kawengku ing
Torèt, supaya manungsa kabèh padha
ora bisa éndha, lan supaya donya saisiné
kapatrapan'a paukumané Gusti Allah.
20 Sebab ora ana wong siji waé sing
bener ana ing ngarsané Gusti Allah
merga nglakoni Angger-anggering Torèt.
Nanging satemené Torèt kuwi mung
nuduhaké, yèn manungsa wis nandhang
dosa.

21 Nanging saiki Gusti Allah wis
nedahaké dalan, supaya manungsa bisa
karukunaké karo Panjenengané, lan
dalan kuwi ora ana gegayutané karo
Torèt. Malah Torèt lan Kitab-kitabé Para
Nabi padha neksèni:
22 Yèn Gusti Allah ngrukunaké
manungsa karo sariranė piyambak,
merga precaya marang Gusti Yésus
Kristus. Gusti Allah nindakaké sing
mengkono mau tumrap wong kabèh,
sing padha precaya marang Gusti Yésus
Kristus. Sebab wong kabèh mau ora ana
bédané:
23 Kabèh wis padha gawé dosa lan
adoh karo Gusti Allah, sing dadi etuking
keslametané.
24 Manungsa enggoné karukunaké karo
Gusti Allah kuwi awewaton sih-rahmat,
sing diparingaké marang manungsa,
lumantar panebusé Gusti Yésus Kristus.
25 Sédané Gusti Yésus kuwi kaagem
déning Gusti Allah dadi srana enggoné
manungsa kaapura dosané, yakuwi
samangsa wong mau precaya marang
Panjenenganė. Enggoné Gusti Allah
nindakaké mengkono mau kanggo
nélakaké kaadilané. Ing jaman-jaman

sing wis kepungkur, Gusti Allah
sajroning kesabarané, ora maèlu marang
dosa-dosané manungsa.
26 Nanging saiki Panjenengané
ngukum dosané manungsa. Srana
mengkono Gusti Allah ngetingalaké
yèn Panjenengané sipat adil, lan
Panjenengané ngrukunaké sariranė
piyambak karo saben wong sing precaya
marang Gusti Yésus.
27 Yèn mengkono, apa sing arep
kita gung-gungaké? Ora ana! Banjur
apa wewatoné manungsa enggoné
kaslametaké? Apa merga enggoné
nglakoni Torèt? Ora, nanging mung
merga precaya.
28 Dadi ringkesé mengkéné: Wong
enggoné dirukunaké karo Gusti Allah
kuwi mung wewaton precaya thok, lan
ora merga enggoné nglakoni apa sing
didhawuhaké déning Torèt.
29 Apa Gusti Allah kuwi mung Allahé
wong Yahudi waé? Panjenengané rak uga
dadi Allahé bangsa liyané? Mesthi waé.
30 Sebab Gusti Allah kuwi mung siji!
Panjenengané ngrukunaké wong-wong
Yahudi karo sariranė piyambak merga
saka precayané wong-wong Yahudi

mau, lan Panjenengané ngrukunaké
bangsa-bangsa liyané karo sariranė
piyambak iya merga saka precayané
wong-wong mau.
31 Yèn ngono apa merga precaya
marang Gusti Yésus kita banjur
mbatalaké Torèt? Ora! Malah merga saka
precaya mau kita ngajèni Torèt.

4 1 Yèn mengkono, banjur kepriyé
tumraping Rama Abraham leluhur
kita? Kepriyé pengalamané?
2 Menawa Rama Abraham enggoné
kabeneraké déning Gusti Allah kuwi
merga saka penggawéné, ana alasané
kanggo gumunggung. Nanging
panjenenganė ora bisa gumunggung ana
ing ngarsané Gusti Allah.
3 Kitab Suci nyebutaké: "Abraham
precaya marang Gusti Allah, lan merga
enggoné precaya mau Abraham ditampa
déning Gusti Allah, dadi wong sing
nglakoni kersané Gusti Allah."
4 Wong sing nyambut-gawé kuwi
lumrahé nampa bayar, kang minangka
opahé, dudu ganjaran.
5 Nanging tumraping Gusti Allah ora
mengkono. Nyatané ana wong sing ora
gumantung saka penggawéné. Wong

mau pasrah marang Gusti Allah, sing nganggep wong dosa ora duwé dosa. Yèn Gusti Allah ngrukunaké sarirané piyambak karo wong dosa, kuwi Gusti Allah mung mirsani precayané wong mau.
6 Ya wong sing mengkono kuwi sing dikersakaké déning Sang Prabu Dawud, mulané panjenengané ngandikakaké bab kabegjané wong sing ditampa déning Gusti Allah, dianggep tanpa keluputan, sarta ora kaétang bab penggawéné. Pangandikané Sang Prabu Dawud mengkéné:
7 "Iba begjané wong sing keluputané diapura déning Gusti Allah lan dosa-dosané dialing-alingi déning Pangéran!
8 Saiba begjané wong, sing dosa-dosané ora diétung déning Gusti Allah!"
9 Apa kabegjan sing dingandikakaké déning Sang Prabu Dawud mau mung katujokaké marang wong sing tetakan waé? Ora! Kabegjan mau iya katetepaké tumrap wong sing ora tetakan. Kaya pangandika sing kasebut ing ndhuwur mau: "Abraham precaya marang Gusti Allah, lan merga saka enggoné precaya

mau dhèwèké ditampi déning Gusti
Allah, dadi wong sing nglakoni kersané."
10 Wiwit dhèk kapan tumindaké prekara
mau? Sadurungé apa sawisé Rama
Abraham ditetaki? Pancèn sadurungé
ditetaki, dudu sakwisé.
11 Lagi sawisé kuwi Rama Abraham
tetak, lan tetak mau mung pretandha
kanggo mbuktèkaké, yèn merga saka
precayané, Gusti Allah wis nampani
Rama Abraham mau, dadi wong sing
nglakoni kersané. Kaya mengkono
enggoné Rama Abraham dadi rama
kasukmané sakèhing wong sing precaya
marang Gusti Allah, lan sing diparengaké
déning Gusti Allah dadi wong sing
nglakoni kersané, senajan wong-wong
mau padha ora ditetaki.
12 Rama Abraham uga dadi rama
kasukmané wong-wong sing padha
ditetaki, ora merga saka enggoné
tetakan, nanging merga saka precayané,
padha karo Rama Abraham piyambak
nalika panjenengané durung ditetaki.
13 Gusti Allah janji marang Rama
Abraham lan tedhak-turuné, yèn jagad
iki bakal dadi warisané. Enggoné Gusti
Allah janji mengkono mau ora merga

saka pambangun-turuté Rama Abraham
marang kersané Gusti Allah, nanging
merga Rama Abraham precaya; mulané
banjur ditampi déning Gusti Allah,
dianggep wong sing nglakoni kersané.
14 Menawa Gusti Allah maringaké
janjiné mung marang wong sing padha
nglakoni Angger-anggering Torèt waé,
lha rak ora ana gunané wong precaya
marang Gusti Allah, lan janji-janjiné
Gusti Allah iya banjur ora ana paédahé.
15 Torèt kuwi mung nekakaké
bebenduné Gusti Allah. Nanging yèn ora
ana angger-angger, dadi iya ora ana
panerak.
16 Prejanjiné Gusti Allah kuwi
kaparingaké adhedhasar precaya,
supaya cetha yèn kuwi kanugrahané
Gusti Allah marang tedhak-turuné Rama
Abraham kabèh; marang wong sing
padha urip manut Torèt, semono uga
marang wong sing padha precaya nulad
Rama Abraham, merga Rama Abraham
kuwi rama kasukman kita kabèh.
17 Gusti Allah ngandika marang Rama
Abraham: "Aku wis ndadèkaké kowé
bapakné bangsa pirang-pirang." Kaya
mengkono Rama Abraham ana ing

paningalé Gusti Allah, sing dadi andel-
andelé. Iya Gusti Allah sing nguripaké
wong mati, sing nyabdakaké barang sing
ora ana dadi ana.
18 Rama Abraham precaya lan tetep
kagungan pengarep-arep, senajan
kaya-kaya wis ora bakal kelakon
dadi bapakné bangsa pirang-pirang;
kaya pangandikaning Kitab Suci:
"Anak-turunmu bakal semono akèhé."
19 Rama Abraham nalika semana
wis mèh yuswa satus taun, nanging
precayané ora suda. Precayané mau ora
luntur, senajan nyatané ibu Sarah kuwi
gabug.
20 Panjenengané babar-pisan ora
mangu-mangu bab prejanjiné Gusti
Allah. Precayané kuwi sing mènèhi
kekuwatan marang Rama Abraham,
mulané panjenengané bisa tansah
memuji asmané Gusti Allah.
21 Rama Abraham yakin yèn Gusti
Allah kwasa nindakaké apa sing wis
dijanjèkaké.
22 Yakuwi sing marakaké Rama Abraham
katampi déning Gusti Allah, kaanggep
dadi wong sing nglakoni kersané.

23 Tembung "katampi déning Gusti
Allah, kaanggep dadi wong sing nglakoni
kersané" kuwi ora mung katulis kanggo
Rama Abraham thok,
24 nanging iya katulis kanggo kita, sing
bakal uga padha kaanggep nglakoni
kersané Gusti Allah; yakuwi kita sing
padha precaya marang Gusti Allah, sing
wis mungokaké Gusti Yésus, saka ing
séda.
25 Gusti Yésus mau ditégakaké déning
Gusti Allah nganti séda, merga dosa-
dosa kita; Panjenengané kawungokaké
saka ing séda supaya ngrukunaké kita
karo Gusti Allah.

5 1 Saiki, sarèhné kita wis dirukunaké
karo Gusti Allah merga precaya, urip
kita padha tentrem ana ing astané Gusti
Allah lantaran Yésus Kristus, Gusti kita.
2 Merga déning precaya kita, Gusti
Yésus Kristus wis marengaké kita padha
ngrasakaké sih-rahmaté Gusti Allah,
lan saiki kita padha urip wewaton
sih-rahmat mau. Mulané kita padha
bungah-bungah merga kita nganti-anti
bakal olèh panduman kamulyané Gusti
Allah!

3 Kita iya padha bisa bungah sajroné
kasusahan, sebab kita ngerti yèn
kasusahan mono njalari sabar,
4 lan sabar kuwi dadi keparengé Gusti
Allah, lan apa sing dadi keparengé Gusti
Allah kuwi nekakaké pengarep-arep.
5 Pengarep-arep mau ora gawé gelané
ati kita, sebab Gusti Allah wis ngesokaké
sihé ana ing ati kita lantaran Rohé kang
suci. Sang Roh Suci kuwi peparingé
Gusti Allah marang kita.
6 Nalika kita ora keconggah nylametaké
awak kita dhéwé ing wektu sing wis
katemtokaké déning Gusti Allah, Gusti
Yésus Kristus séda kanggo kita para
wong dosa.
7 Ora gampang golèk wong sing gelem
mati senajan kanggo wong sing bener
pisan. Bisa uga ana sing gelem mati
kanggo nglabuhi wong sing becik.
8 Nanging Gusti Allah wis ngetingalaké
marang kita, sepira gedhéning sihé
marang kita, awit Sang Kristus wis
nglampahi séda kanggo kita, nalika kita
isih padha ana ing sajroning dosa!
9 Merga saka sédané Sang Kristus, kita
saiki wis padha katunggilaké karo Gusti
Allah. Mulané saiki kita saya luwih yakin,

yèn kita mesthi bakal padha dislametaké
déning Sang Kristus saka bebenduning
Allah.
10 Biyèn nalika kita padha
memungsuhan karo Gusti Allah
waé, padha didadèkaké mitrané lantaran
sédané Kang Putra, luwih-luwih saiki
bareng kita wis padha dadi mitrané Gusti
Allah, mesthi bakal padha dislametaké
déning wunguné Gusti Yésus!
11 Ora ngemungaké kuwi waé. Kita
padha bungah ing patunggilané Gusti
Allah, lantaran Gusti kita Yésus Kristus,
sing dadi mergané kita padha dadi para
mitrané Gusti Allah.
12 Mlebuné dosa ana ing donya kuwi
jalaran saka wong siji, lan dosané wong
siji mau nekakaké pati. Pati mau nuli
nyrambahi sakèhing manungsa, sebab
saben manungsa wis nglakoni gawé
dosa.
13 Dosa wis ana ing jagad sadurungé
Torèt kaparingaké déning Gusti Allah.
Nanging yèn ora ana angger-angger,
dosa ora kapétung.
14 Éwasemono wiwit saka jamané
Bapak Adam nganti tekan jamané Nabi
Musa, pati wis nindakaké pangwasané

ana ing uripé saben manungsa, klebu
wong-wong sing ora nglakoni dosa
kaya Bapak Adam, enggoné nerak
angger-anggeré Gusti Allah. Bapak
Adam kuwi gambaré Sang Kristus sing
bakal rawuh.
15 Nanging sakaroné ora padha, sebab
kanugrahané Gusti Allah ngluwihi
yèn ditimbang karo dosané Bapak
Adam. Pancèn akèh wong sing padha
mati, merga dosané wong siji (Adam)
mau; nanging sih-rahmaté Gusti Allah
luwih gedhé menèh. Mengkono uga
sih-kanugrahané Gusti Allah sing
kaparingaké ora nganggo bayaran
marang wong akèh, lantaran sih-
kamirahané wong siji, yakuwi Gusti
Yésus Kristus.
16 Pancèn gedhé banget bédané
kanugrahané Gusti Allah karo dosané
wong siji mau. Nalika dosané wong
siji mau ditetepaké: "Salah"; nanging
bareng dosa mundhak akèh, nuli
putusané kanugrahan kadhawuhaké:
"Ora Salah".
17 Pancèn merga paneraké wong siji,
pati nuli wiwit ngambra-ambra, jalaran
wong siji mau; éwasemono luwih gedhé

pangwasané wong siji liyané, yakuwi
Gusti Yésus Kristus! Saben wong siji
nampani kalubèraning sih-rahmaté
Gusti Allah, lan nampani kayektèn, sing
diparingaké kanthi gratis, bakal urip,
lan nindakaké pangwasa lantaran Gusti
Yésus Kristus.
18 Yèn mengkono, kaya déné paneraké
wong siji nekakaké paukuman marang
wong akèh, mengkono uga penggawéné
wong siji sing bener, ngluwari wong
akèh, lan marakaké wong akèh mau
padha urip.
19 Padha kaya pembangkangé wong
sing siji mau njalari wong akèh padha
dadi wong dosa, kaya mengkono uga,
merga pambangun-turuté wong siji,
akèh wong banjur padha kabeneraké.
20 Torèt kuwi kaparingaké déning Gusti
Allah. Nanging nyatané panerak saya
mundhak akèh. Samasa dosa mundhak
akèh, sih-rahmaté uga saya mundhak
gedhé.
21 Padha kaya patining manungsa
merga saka dosané, kaya mengkono uga
sih-rahmaté Gusti Allah ngwasani uripé
manungsa srana bebeneran, lan nuntun

kita marang urip langgeng, lantaran
Yésus Kristus, Gusti kita.

6 1 Yèn mengkono, kita arep muni apa
menèh? Apa kita kudu mbacutaké
gawé dosa, supaya kanugrahané Gusti
Allah saya wuwuh akèh?
2 Mesthi ora! Kita rak wis padha
diuwalaké saka dosa; mulané kepriyé
déné kita padha urip ana ing sajroning
dosa mau!
3 Apa kowé ora ngerti, yèn enggon kita
dibaptis kuwi, kita ditunggilaké karo
Sang Kristus Yésus? Kuwi ateges kita
ditunggilaké karo sédané.
4 Srana baptisan mau kita dikubur
bebarengan karo Sang Kristus ana
ing sédané, supaya kaya déné Sang
Kristus diwungokaké saka ing séda
déning kamulyaning pangwasané Sang
Rama, kaya mengkono uga kita padha
kaparingan urip sing anyar.
5 Sebab menawa kita wis ditunggilaké
karo Sang Kristus ana ing sédané,
mengkono uga kita padha ditunggilaké
karo Panjenengané ana ing wunguné.
6 Kita padha ngerti, yèn kaanan kita
sing lawas wis mati bebarengan karo
Sang Kristus ana ing kayu salib, supaya

pangwasané dosa sing ana ing kita
kasirnakaké, satemah kita ora dadi
budhaké si dosa menèh.
7 Sebab wong sing wis mati, kuwi wis
luwar saka pangwasané si dosa.
8 Yèn kita wis mati bebarengan karo
Sang Kristus, kita precaya, yèn kita uga
bakal urip karo Panjenengané.
9 Kita ngerti, yèn Sang Kristus
wis kawungokaké saka ing séda.
Panjenengané ora bakal séda
menèh, sebab pati wis ora ngwasani
Panjenengané.
10 Séda sing dialami déning Sang
Kristus kuwi séda tumrap ing dosa,
mung sepisan waé. Nanging gesangé
Sang Kristus saiki, kuwi gesang sing
lumadi marang Gusti Allah.
11 Mulané kowé uga kudu padha
nganggep awakmu kuwi wis mati
tumraping dosa, lan kudu padha urip
kagem Gusti Allah lantaran Sang Kristus
Yésus.
12 Si dosa ora kena ngerèh awakmu
menèh, temah kowé nguja hawa-nepsu
lan nindakaké piala.
13 Aja padha masrahaké péranganing
awakmu siji waé marang pangwasané

dosa, kanggo nindakaké piala. Nanging
badanmu pasrahna marang Gusti Allah,
kaya déné wong-wong sing wis dientas
saka ing pati marang urip. Badanmu
sakojur padha pasrahna marang Gusti
Allah, supaya diagem srana nindakaké
prekara-prekara sing becik.
14 Aja nganti si dosa ngwasani kowé,
sebab uripmu wis ora kawengku déning
Torèt menèh, nanging kawengku ing
sih-rahmaté Gusti Allah.
15 Saiki kepriyé? Apa kita kena nglakoni
dosa, merga saiki urip kawengku
déning sih-rahmaté Gusti Allah, lan ora
kawengku ing Torèt? Ora babar-pisan!
16 Mesthiné kowé wis padha ngerti,
yèn samangsa kowé pasrah badanmu
marang wong, dadi abdiné wong mau,
nglakoni apa sapréntahé, kowé dadi
abdiné bendara sing préntahé koklakoni
mau, ora preduli apa bendaramu kuwi
si dosa, sing njalari patimu, apa Sang
Kristus, sing njalari kowé ditunggilaké
karo Gusti Allah.
17 Nanging puji sokur marang Gusti
Allah, déné senajan kowé biyèn tau dadi
budhaké si dosa, saiki kowé klawan
éklasing ati wis padha mbangun-turut

marang bebeneran, sing kawulangaké
marang kowé.
18 Kowé wis padha kaluwaran saka
ing dosa, supaya padha dadia abdiné
bebeneran.
19 Enggonku nganggo tuladha "budhak"
kuwi supaya gampang koktampa. Biyèn
kowé padha masrahaké badanmu
sakojur dadi budhaké penggawé sing
kotor lan duraka, kanggo nindakaké
piala. Semono uga saiki, bareng wis dadi
abdiné bebeneran, badanmu sakojur
padha pasrahna kanggo lantaraning
tumindak sing dadi keparengé Gusti
Allah.
20 Menawa kowé dadi budhaké si dosa,
kowé ora kawengku déning bebeneran.
21 Nanging apa paédahé tumrap kowé,
nglakoni prekara-prekara sing saiki kowé
dhéwé isin? Penggawé-penggawé mau
nekakaké pati!
22 Saiki kowé wis diluwari saka ing
pangwasané dosa, lan dadi abdiné Gusti
Allah. Tujuné saiki uripmu kokpasrahaké
marang Gusti Allah, lan ngolèhaké urip
langgeng.
23 Sebab opahé dosa kuwi pati, nanging
sih-kanugrahané Gusti Allah ngolèhaké

urip langgeng, lantaran Kristus Yésus,
Gusti kita.

7 [1] Para sedulur mesthiné kowé padha
ngerti marang undhang-undhang
lan pangwasané undhang-undhang kuwi
mung sajroné wong mau isih urip.
[2] Kaya upamané wong wadon sing duwé
bojo, kuwi olèhé kecencang karo bojoné
srana undhang-undhang mung selawasé
sing lanang isih urip. Nanging samasa
sing lanang wis mati, sing wadon wis ora
kecencang karo bojoné.
[3] Yèn wong wadon mau nalika sing
lanang isih urip, urip bebarengan
karo wong lanang liya, wong wadon
mau diarani laku bédhang. Nanging
yèn sing lanang wis mati, manut
undhang-undhang wong wadon kuwi
bébas, lan saupama kawin menèh karo
wong lanang liya, ora kena diarani laku
bédhang.
[4] Mengkono uga tumrap kowé, para
sedulurku. Kowé wis padha mati
mungguhing Torèt, jalaran kowé wis
padha ditunggilaké karo sariramé Sang
Kristus. Saiki kowé wis dadi kagunganė
Gusti Yésus, sing wis kawungokaké saka

ing séda, supaya urip kita ana paédahé
kagem Gusti Allah.
5 Sebab biyèn nalika kita isih padha
urip manut karep kita dhéwé, hawa-
nepsuning dosa sing merga déning Torèt
masésani badan kita, lan nekakaké pati.
6 Nanging saiki kita wis bébas saka
pamengkuné Torèt, sebab kita wis
padha mati mungguhing Torèt, sing
biyèn nancang kita. Kita wis ora padha
ngabekti manut cara sing lawas,
yakuwi manut angger-angger sing
wujud tulisan; nanging saiki kita padha
ngabekti nganggo cara anyar, manut
panuntuné Sang Roh Suci.
7 Yèn mengkono, kita arep muni
kepriyé? Apa Torèt dhéwé kuwi dosa?
Ora! Nanging Torèt kuwi sing marakaké
aku ngerti, apa sing diarani dosa mau.
Yèn ora ana Angger-anggering Torèt sing
muni: "Kowé aja mélik," aku ora ngerti
apa sing diarani mélik.
8 Dosa banjur olèh dalan nuwuhaké
nepsu rupa-rupa ana ing atiku, lantaran
Angger-anggering Torèt; sebab tanpa
Angger-anggering Torèt, dosa kuwi mati.
9 Biyèn aku urip tanpa Torèt, nanging
bareng Angger-anggering Torèt

ditrapaké, dosa iya nuli wiwit urip;
kosokbaliné aku mati.
10 Dadi Torèt sing karepé supaya
marakaké urip kanggoné aku malah
banjur marakaké mati.
11 Ana ing Angger-anggering Torèt
kuwi, si dosa olèh dalan ngapusi aku,
lan merga déning angger-angger mau si
dosa kuwi wis matèni aku.
12 Mangka Angger-anggering Torèt
dhéwé kuwi pinangkané saka Gusti
Allah, lan pepakon-pepakoné kuwi saka
Gusti Allah, sarta bener lan becik.
13 Apa kuwi ateges, yèn barang sing
becik mau marakaké aku mati? Ora!
Nanging si dosa sing njalari patiku.
Klawan patrap migunakaké Torèt, barang
sing becik mau, si dosa njalari patiku,
supaya si dosa kuwi katon wujudé sing
satemené. Srana anané Torèt, ketitik
sepira gedhéné dayaning dosa mau.
14 Kita ngerti yèn Torèt kuwi asalé
saka Gusti Allah lan sipat kasukman,
nanging aku iki sipat kedagingan, lan
dadi budhaké si dosa.
15 Aku dhéwé ora ngerti apa sing
daklakoni. Aku ora nglakoni apa sing

dakpéngini, malah aku nglakoni apa sing
daksengiti.
16 Menawa aku nglakoni apa sing
satemené ora dakkarepaké, kuwi
mbuktèkaké yèn aku ngakoni menawa
Angger-anggering Torèt kuwi bener.
17 Yèn mengkono, satemené dudu aku
sing nglakoni kuwi mau, nanging si dosa
sing ana ing aku.
18 Aku ngakoni, yèn aku iki manungsa,
ora kadunungan apa-apa sing becik.
Senajan aku kepéngin nindakaké sing
becik, nanging aku ora bisa nglakoni.
19 Mulané aku ora nglakoni kabecikan
sing dakkarepaké mau, malah
kosokbaliné, aku nglakoni prekara-
prekara sing ala, sing ora dakkarepaké.
20 Yèn aku nglakoni prekara-prekara
sing ora dakkarepaké, kuwi ateges,
dudu aku dhéwé sing nglakoni prekara-
prekara mau, nanging si dosa sing
ngerèh marang awakku.
21 Srana mengkono aku banjur nemu
wewaton mengkéné: Samasa aku arep
nglakoni sing becik, jebul nyatané sing
daklakoni mung sing ala waé.
22 Ing batin aku ngèstokaké angger-
anggeré Gusti Allah,

23 nanging aku ngerti, yèn ing sajroning
badanku uga ana angger-angger liya,
sing nglawan marang angger-angger
mau, sing dianut déning budiku.
Angger-angger liya kuwi sing marakaké
aku dierèh déning si dosa, sing ngwasani
awakku.
24 Wong cilaka temenan aku iki. Sapa
sing arep ngluwari aku saka badanku,
sing marakaké aku mati iki?
25 Pinujia Gusti Allah lantaran Gusti
Yésus Kristus, kang kersa ngluwari aku,
awit satemené mengkéné: Srana budiku,
aku nglakoni angger-anggeré Gusti Allah,
nanging srana badanku kamanungsan,
aku nglakoni angger-anggeré si dosa.

8 1 Saiki wis ora ana paukuman
menèh tumrapé wong sing ana ing
patunggilané Sang Kristus.
2 Sebab angger-anggeré Sang Roh Suci,
sing nunggilaké urip kita karo Gusti
Kristus Yésus, wis ngluwari kita saka
angger-anggering dosa lan pati.
3 Apa sing ora ditindakaké déning
angger-angger merga sèkènging daging
kita, kuwi saiki ditindakaké déning
Gusti Allah piyambak. Panjenengané wis
ngukum dosa sing ana badané manungsa

srana ngutus Putrané piyambak, sing
rawuh ngagem sipating manungsa dosa,
kanggo nyirnakaké dosa.
4 Gusti Allah enggoné nindakaké
sing mengkono mau supaya Angger-
anggering Torèt bisa kita tetepi ana ing
badan kita, sing uripé manut pangrèhé
Sang Roh Suci lan ora manut pangrèhing
daging.
5 Wong sing uripé manut pangrèhing
daging, pikirané dierèh déning daging.
Nanging wong sing uripé manut
pangrèhé Rohé Gusti Allah, pikirané
dierèh déning kersané Rohé Gusti Allah
mau.
6 Yèn pikiranmu dierèh déning daging,
kuwi kowé bakal mati. Nanging yèn
dierèh déning Rohé Gusti Allah, kowé
bakal urip klawan tentrem.
7 Wong sing pikirané dierèh déning
daging, kuwi dadi satruné Gusti Allah,
merga ora manut karo angger-anggeré
Gusti Allah. Satemené wong mau pancèn
ora bisa urip manut angger-anggeré
Gusti Allah,
8 mangka Gusti Allah ora rena ing
ngatasé wong sing uripé padha dierèh
déning daging.

9 Nanging kowé wis ora manut
pangrèhing daging, awit manut
pangrèhing Roh; semono mau yèn
Rohé Gusti Allah dedalem ana ing kowé
temenan. Sapa sing ora nduwèni Rohé
Sang Kristus ana ing uripé, wong kuwi
dudu kagunganė Sang Kristus.
10 Nanging menawa Sang Kristus
gesang ana ing kowé, senajana
badanmu mati krana dosa, éwasemono
Rohé Gusti Allah wis nguripaké kowé,
merga kowé wis ditunggilaké karo Gusti
Allah.
11 Menawa Rohé Gusti Allah sing
mungokaké Sang Kristus saka ing séda,
dedalem ana ing kowé, Gusti Allah sing
wis mungokaké Sang Kristus saka ing
séda mau uga bakal nguripaké badanmu
sing kena ing pati, srana Rohé sing
dedalem ana ing kowé.
12 Mulané para sedulurku, kita padha
duwé kuwajiban, nanging ora supaya
padha urip manut sipating kamanungsan
kita.
13 Sebab menawa kowé padha urip
manut wataké kamanungsanmu, kowé
bakal mati. Nanging menawa kowé
padha urip manut Rohé Gusti Allah, lan

matèni penggawému sing dosa, kowé
bakal urip.
14 Wong sing padha dierèh déning Rohé
Gusti Allah, kuwi para putrané Gusti
Allah.
15 Sebab Roh sing diparingaké déning
Gusti Allah marang kowé, kuwi ora
ndadèkaké kowé dadi budhak, temah
kowé padha urip sajroning wedi.
Nanging kosokbaliné, Rohé Gusti Allah
kuwi ndadèkaké kowé dadi para putrané
Allah. Lan merga pangrèhé Rohé Gusti
Allah kuwi, kita padha nyebut Gusti
Allah: "Rama! Ramaku!"
16 Rohé Gusti Allah mau bebarengan
karo roh kita, nglairaké paseksi, yèn kita
kuwi padha dadi putrané Gusti Allah.
17 Lan sarèhné kita dadi putrané Gusti
Allah, mula bakal padha nampa sakèhing
panduman sing kacadhangaké déning
Gusti Allah marang para putrané mau.
Bebarengan karo Sang Kristus, kita
uga bakal tampa samubarang, sing
kacadhangaké déning Gusti Allah kagem
Gusti Yésus Kristus; sebab menawa
kita nglakoni sangsara bebarengan
karo Sang Kristus, kita uga bakal olèh
panduman kamulyané Sang Kristus mau.

18 Sakèhing kasangsaran sing kita
alami saiki, kuwi manut panemuku, ora
tandhing babar-pisan karo kamulyan
sing bakal kawedharaké marang kita.
19 Sakèhing tumitah padha ngarep-arep
banget marang dina enggoné Gusti Allah
ngumumaké para putrané.
20 Sebab sakèhing tumitah mau wis
kena ing bebenduné Gusti Allah, lan wis
dadi tanpa guna, ora merga saka karepé
dhéwé, nanging merga saka kersané
Gusti Allah. Senajan mengkono, isih ana
pengarep-arep:
21 Awit ing sawijining dina para tumitah
bakal kaluwaran saka enggoné kawengku
ing rusak, lan bakal dimerdikakaké lan
dimulyakaké bebarengan karo para
putrané Gusti Allah.
22 Kita padha ngerti, yèn nganti sepréné
sakèhing tumitah kuwi padha sesambat
ngrasakaké lara kaya wong wadon sing
lagi nglarani.
23 Ora mung para tumitah sing padha
sambat, nanging kita dhéwé ing batin
iya padha nggresah: Yakuwi sajroning
nganti-anti marang wektu enggoné
Gusti Allah arep ngangkat kita dadi
para putrané lan ngluwari badan kita

sasampurnané, sanajan kita wis padha
diparingi Rohé Gusti Allah, yakuwi
peparing sing kaparingaké sepisanan.
24 Enggon kita dislametaké kuwi srana
pengarep-arep. Nanging yèn kita wis
ndeleng apa sing kita arep-arep mau,
kuwi wis dudu pengarep-arep menèh.
Sebab sapa sing isih bakal ngarep-arep
barang sing wis dideleng?
25 Yèn kita ngarep-arep barang sing
durung kita deleng, kita mesthi bakal
nganti-anti klawan sabar.
26 Mengkono uga Rohé Gusti Allah
rawuh mitulungi kita sing sèkèng iki.
Kita dhéwé ora ngerti kepriyé patrapé
ndedonga sing bener; Roh piyambak
sing ndongakaké kita marang Gusti
Allah srana panggresah, sing ora bisa
diucapaké nganggo tembung.
27 Gusti Allah sing mirsa isining atiné
manungsa, pirsa apa sing dikersakaké
déning Roh mau; sebab Roh kuwi
ndongakaké para umaté Gusti Allah,
condhong karo sing dadi kersané Gusti
Allah.
28 Kita padha ngerti, yèn ing sadhéngah
prekara, Gusti Allah makarya murih

beciké wong sing padha tresna marang
Panjenengané.
29 Wong sing wis dipilih déning Gusti
Allah, kuwi uga wis disengker, supaya
dadia padha kaya Putrané, yakuwi Gusti
Yésus Kristus, supaya Sang Putra mau
dadia pembarep ing antarané sedulur
akèh.
30 Mulané wong sing wis padha
disengker kuwi uga sing padha ditimbali,
lan sing padha ditimbali kuwi sing
ditunggilaké, karo sariranè. Lan wong
sing padha ditunggilaké kuwi sing padha
diparingi panduman kamulyané Sang
Rama.
31 Ngèlingi kuwi mau kabèh, saiki kita
arep muni kepriyé? Menawa Gusti Allah
piyambak nunggil karo kita, sapa sing
wani nglawan kita?
32 Gusti Allah ora ngéman Putrané
piyambak, malah Sang Putra mau
dipasrahaké marang kita kabèh. Menawa
Putrané piyambak wis diparingaké
marang kita, apa samubarang kabèh iya
ora bakal diparingaké marang kita?
33 Sapa sing wani nggugat marang
umat sing dipilih déning Gusti Allah?

Gusti Allah piyambak wis mratélakaké,
yèn wong-wong kuwi ora salah.
34 Apa ana wong sing bisa ngukum
wong-wong mau? Gusti Yésus Kristus
sing wis nglampahi séda, wis wungu lan
banjur diparingi pangwasa déning Gusti
Allah. Gusti Yésus mau malah dadi wakil
kita ana ing ngarsané Gusti Allah.
35 Sapa sing bisa misahaké kita saka
sihé Sang Kristus? Apa kasusahan, apa
rekasaning urip, apa panganiaya, apa
keluwèn, apa kemiskinan, apa bebaya,
apa pati?
36 Kaya pangandika ing Kitab Suci:
"Margi saking Paduka, kawula sami
wonten ing salebeting bebaya pejah
sedinten muput. Kawula sami kaanggep
dados ménda sembelèhan."
37 Ora mengkono! Kita unggul ing
ngatasé kuwi mau kabèh, merga
Panjenengané wis ngasihi kita!
38 Sebab aku yakin yèn ora ana prekara
sing bisa misahaké kita saka sihé Sang
Kristus; senajan pati utawa urip, para
malaékat utawa para pangwasa liyané
sing ana ing swarga, ing jaman saiki,
utawa sing bakal kelakon,

39 senajan jagad sing ana ing dhuwur,
utawa sing ana ing ngisor, lan titah
apa waé, ora ana sing bisa misahaké
kita saka sihé Gusti Allah sing wis kita
tampani lantaran Sang Kristus Yésus,
Gusti kita!

9 1 Apa sing dakkandhakaké iki nyata,
yakuwi aku iki kagungané Sang
Kristus. Swaraning batinku, sing dierèh
déning Sang Roh Suci, uga mèlu neksèni,
yèn aku ora goroh.
2 Saiba sedhining atiku lan ora kinira
gedhéning prihatinku ing ngatasé
bangsaku, bangsaku sing tunggal daging
lan getih!
3 Merga bangsaku mau, aku rila upama
awakku ditamani bebendu déning Gusti
Allah lan dipisahaké saka sihé Sang
Kristus.
4 Wong-wong kuwi umat pilihané Gusti
Allah. Wong-wong mau padha diangkat
dadi para putrané Gusti Allah piyambak,
lan padha diparangi kamulyan. Gusti
Allah wis damel prejanjian karo wong-
wong mau sarta padha diparingi Torèt.
Wong-wong mau padha ngerti bab
patrapé ngabekti marang Gusti Allah

lan padha diparingi prasetyan-prasetyan déning Gusti Allah.
5 Wong-wong mau padha dadi anak-turuné para leluhuré bangsa kita, lan Gusti Yésus Kristus manut tata kamanungsané klebu bangsané wong-wong mau. Pinujia Gusti Allah, sing ngerèh samubarang, pinujia ing salawas-lawasé! Amin.
6 Aku ora kandha yèn prejanjiané Gusti Allah kuwi batal; merga ora saben umat Israèl kapilih déning Gusti Allah.
7 Semono uga ora kabèh tedhak-turuné Rama Abraham kaangkat dadi para putrané Gusti Allah. Gusti Allah ngandika marang Abraham: "Sing bakal kasebut turunmu kuwi mung turuné Iskak."
8 Kuwi ateges yèn sing kasebut putra-putrané Gusti Allah mau dudu anak-anak sing dilairaké miturut daging. Sing dianggep tedhak-turuné sing sah kuwi mung anak-anak sing dilairaké manut prejanjiané Gusti Allah.
9 Sebab prejanjiané Gusti Allah mau mengkéné: "Aku bakal bali menèh ing wektu sing wis katemtokaké, lan Sarah bakal duwé anak lanang!"

10 Malah ora mengkono waé: Bocah
lanang loro-loroné sing dikandhut déning
ibu Ribkah kuwi bapakné siji, yakuwi
leluhur kita Iskak.
11 Supaya enggoné milih salah siji saka
ing antarané bocah loro mau cetha
kersané Gusti Allah piyambak, mula
Gusti Allah ngandika marang Ribkah:
"Sing tuwa bakal ngawula marang sing
enom." Enggoné Gusti Allah ngandika
mengkono mau, nalika bocah-bocah
karoné durung padha lair, lan sadurungé
padha ngerti nindakaké sing becik
utawa sing ala. Mengkono dadi cetha
yèn pamilihé Gusti Allah kuwi ora
landhesan penggawéné bocah loro mau,
nanging landhesan timbalané Gusti Allah
piyambak.
12 (9:11)
13 Kaya sing katulis ing Kitab Suci:
"Yakub kuwi Dakkasihi, nanging Ésau
Daksengiti."
14 Yèn mengkono, kita banjur arep muni
kepriyé? Apa Gusti Allah kuwi ora adil?
Ora! Gusti Allah adil!
15 Gusti Allah ngandika marang Nabi
Musa mengkéné: "Aku bakal melasi
marang sapa waé sing Dakparingi

piwelas, lan paring kamirahan marang
sapa waé sing Dakkersakaké."
16 Mulané putusan kuwi ora gumantung
saka karep utawa labeté manungsa,
nanging mung landhesan sih-rahmaté
Gusti Allah piyambak.
17 Sebab Kitab Suci wis nerangaké, yèn
Gusti Allah wis ngandika marang ratu
ing Mesir: "Yakuwi sebabé enggon-Ku
ngangkat kowé dadi ratu, supaya
kowé mratélakaké pangwasa-Ku lan
ngluhuraké Asma-Ku ana ing salumahing
bumi."
18 Mengkono patrapé Gusti Allah
enggoné ngesokaké sih-rahmaté marang
sok wonga sing dikersakaké, lan uga
mangkotaké atiné sapa waé, manut ing
sa-kersané piyambak.
19 Kowé bakal takon marang aku: "Yèn
mengkono, kepriyé bisané Gusti Allah
ngluputaké manungsa? Sapa sing bisa
malangi kersané Gusti Allah?"
20 Aku arep genti takon marang kowé:
"Sedulurku, kowé kuwi sapa, kokwani-
wani madoni marang Gusti Allah? Apa
kelakon pengaron takon marang kundhi
sing gawé pengaron mau: ‘Yagéné aku
kokkokgawé mengkéné?’

21 Apa kundhi mau ora wenang nggarap
lempung mau ing sakarepé? Lemah
lempung saprongkol bisa waé digawé
pengaron sing larang regané, utawa
pengaron sing murah."
22 Mengkono uga pakaryané Gusti
Allah, Panjenengané kagungan kersa
ngetingalaké bebenduné lan medhar
pangwasané. Éwadéné Gusti Allah kuwi
sabar banget marang wong sing padha
dibendoni, sarta wong-wong sing wis
digadhang bakal disirnakaké.
23 Gusti Allah uga kersa nedahaké
kamulyané sing sampurna, kaparingaké
marang kita, sing padha katimbalan
nampani sih-rahmaté, yakuwi kita sing
wis kacadhangaké déning Panjenengané,
supaya nampani kamulyan mau.
24 Ya kita iki, sing wis katimbalan déning
Panjenengané, ora mung bangsa Yahudi
waé, nanging uga sing saka antarané
bangsa-bangsa liyané.
25 Ing Kitabé Nabi Hoséa ana tulisan
mengkéné: "Sing dudu umat-Ku bakal
Daksebut ‘Umat-Ku’, lan sing ora
Dakkasihi, kuwi Daksebut ‘Kesakih-Ku’.
26 Lan ing panggonané wong-wong sing
didhawuhi: ‘Kowé kuwi dudu umat-Ku,’

ing panggonan kono uga wong-wong
mau bakal padha disebut: ‘Para putrané
Gusti Allah kang asipat gesang.’"
27 Tumrapé bangsa Israèl Nabi Yésaya
ngandika: "Senajan cacahé bangsa Israèl
kuwi akèhé kaya wedhining segara,
éwasemono sing bakal kaslametaké
mung sethithik.
28 Sebab Gusti Allah bakal énggal
nganakaké pétungan karo isining jagad."
29 Kaya sing dipangandikakaké déning
Nabi Yésaya dhèk biyèn mengkéné:
"Saupama Gusti Allah Kang Mahakwasa,
ora maringi turun marang kita, mesthi
kita wis dadi kaya kutha-kutha Sodom
lan Gomora."
30 Kita arep muni apa saiki? Mengkéné:
Bangsa-bangsa liya sing padha ora ngudi
supaya katunggilaké karo Gusti Allah,
saiki wis padha katunggilaké, merga
padha precaya.
31 Nanging bangsa sing kapilih (bangsa
Israèl), sing lantaran Torèt padha ngudi
supaya katunggilaké karo Gusti Allah,
malah gagal.
32 Yagéné? Sebab pangudiné mau ora
landhesan precaya, nanging landhesan
pangabekti manut caranéné dhéwé.

Wong-wong mau padha kesandhung ing
watu,
33 sing kasebut ing Kitab Suci
mengkéné: "Delengen, Aku wis
ndokokaké watu ing Sion, sing marakaké
wong padha kesandhung, watu sing
marakaké wong padha tiba. Nanging
sapa sing precaya marang Panjenenganė
ora bakal kecuwan."
10 1 Para sedulurku, pamujiku kanthi
tulusing atiku supaya wong-wong
sebangsaku bisaa kapitulungan slamet.
Aku tansah ndedonga marang Gusti
Allah kanggo wong-wong mau.
2 Aku neksèni, yèn wong-wong kuwi
padha ngabekti banget marang Gusti
Allah. Nanging pangabektiné ora
adhedhasar kawruh sing sejati.
3 Wong-wong mau padha ora ngerti
patrapé Gusti Allah enggoné nunggilaké
manungsa karo Panjenenganė. Wong-
wong mau padha nyoba golèk dalan
dhéwé; mulané padha ora gelem
milih dalam peparingé Gusti Allah,
supaya manungsa katunggilaké karo
Panjenenganė.
4 Sebab Sang Kristus wis netepi Torèt,
supaya saben wong sing precaya marang

Panjenenganė, ditunggilakė karo Gusti
Allah.
5 Kaya sing ditulis Nabi Musa, yèn
wong enggonė dirukunakė karo Gusti
Allah kuwi srana mbangun-turut marang
Torèt, uninė tulisan mau mengkėnė:
"Wong sing netepi Toret, bakal olèh urip
merga dėning Torèt."
6 Nanging piwulang sing mratėlakakė,
yèn kita iki katunggilakė karo Gusti
Allah merga precaya, dhawuhė Kitab
Suci mengkėnė, "Aja mikirakė, ‘Sapa
sing bakal munggah menyang swarga?’
(yakuwi supaya ngudhunakė Sang
Kristus),
7 utawa ‘Sapa sing arep mudhun
menyang nraka?’ (yakuwi supaya
nggawa Sang Kristus munggah, wungu
saka sėda)."
8 Karepė mengkėnė: "Pangandikanė
Gusti Allah kuwi cedhak banget karo
kowė, yakuwi ana ing lambėmu lan
ana ing sajronė atimu," mengkono
pangandika bab precaya, sing padha
dakwartakakė.
9 Menawa lambėmu padha ngakoni, yèn
"Yėsus kuwi Gusti," lan kowė precaya
ing sajronė atimu, yèn Gusti Allah wis

mungokaké Gusti Yésus saka ing séda,
kowé bakal slamet.
10 Sebab kita precaya ing sajroning ati
kita, temah kita padha karukunaké karo
Gusti Allah, lan kita ngakoni srana lambé
kita, temah kaslametaké.
11 Kitab Suci nyebut: "Sing sapa
precaya marang Panjenengané, ora
bakal kecuwan."
12 Pangandika kuwi kanggo saben
wong, sebab wonga Yahudi, wonga
kapir, ora ana bédané. Gusti Allah kuwi
mung siji, yakuwi Allahé wong kabèh.
Panjenengané sing mberkahi klawan
lubèr marang saben wong sing nyebut
Panjenengané.
13 Ayat ing Kitab Suci uga nyebutaké
mengkéné: "Saben wong sing nyebut
asmané Pangéran bakal slamet."
14 Nanging kepriyé bisané wong padha
nyebut asmané Gusti Allah, menawa
durung padha precaya? Lan kepriyé
bisané padha precaya yèn durung
tau padha krungu pangandikané? Lan
kepriyé enggoné padha bisa krungu
pangandikané, yèn pangandika mau ora
diwartakaké?

15 Lan kepriyé enggoné diwartakaké,
yèn ora ana sing diutus martakaké?
Pangandikané Kitab Suci mengkéné:
"Iba beciké wong sing padha teka
nggawa pawarta becik."
16 Nanging ora kabèh wong padha
gelem nampa pawarta becik mau.
Nabi Yésaya dhéwé ngandika: "Dhuh
Pangéran, sinten ingkang badhé pitados
dhateng pawartos ingkang kawula
wartosaken?"
17 Dadi precaya kuwi thukulé merga
krungu pawarta, lan pawarta mau
piwulang bab Sang Kristus.
18 Saiki aku takon: Apa wong-wong
kuwi durung krungu pawarta mau?
Mesthi uwis! Awit ing Kitab Suci ana
pangandika: "Swarané wong-wong sing
nggawa pawarta kuwi sumrambah ing
sajagad sarta tembungé wis tekan tapel
watesé bumi."
19 Aku takon menèh: Apa wong Israèl
padha ora ngerti? Nabi Musa sing bakal
mangsuli dhisik dhéwé, mengkéné:
"Gusti Allah ngandika: ‘Aku bakal
ndakèkaké kowé mèri karo umat, sing
satemené ora kena diarani umat, lan Aku

bakal gawé nepsumu marang bangsa
sing bodho.’"
20 Nabi Yésaya luwih kendel nalika
ngandika: "Gusti Allah ngandika: ‘Aku
ditemokaké déning wong-wong sing
padha ora nggolèki Aku; Aku ngetingal
marang wong-wong sing ora nakokaké
Aku!’"
21 Nanging tumraping bangsa Israèl,
Nabi Yésaya ngandika: "Pangandikané
Gusti Allah: ‘Sedina muput enggon-Ku
mulung asta-Ku marang bangsa sing
mbangkang lan madoni kuwi.’"

11

1 Yèn mengkono aku takon: "Apa
kirané Gusti Allah wis nampik
umaté? (bangsa Israèl). Babar-pisan
ora! Aku dhéwé iki iya wong Israèl,
tedhak-turuné rama Abraham, saka taler
Bènyamin."
2 Gusti Allah ora nampik umaté sing wis
dipilih wiwit-wiwitan mula. Kowé padha
ngerti surasané ayat ing Kitab Suci
bab Nabi Elia, nalika nggugat bangsa
Israèl ana ing ngarsané Gusti Allah aturé
mengkéné:
3 "Dhuh Pangéran, tiyang Israèl menika
sampun sami mejahi nabi-nabi Paduka,
mekaten ugi sampun sami ngrisak

mesbèh-mesbèh Paduka, ngantos
kantun kawula piyambak ingkang taksih
gesang, mangka tiyang-tiyang menika
samenika inggih ngangkah mejahi
kawula."
4 Nanging kepriyé wangsulané Gusti
Allah marang Nabi Élia? Pangandikané:
"Isih ana wong pitung èwu sing
Dakngèngèh kanggo Aku dhéwé, sing
durung tau nyembah marang Baal."
5 Mengkono uga saiki: Iya ana wong-
wong sing cacahé ora akèh, sing wis
dipilih déning Gusti Allah awewaton
sih-rahmaté.
6 Déné pamilihé Gusti Allah kuwi
ora gumantung saka penggawéné
wong-wong mau, nanging alandhesan
sih-rahmaté Gusti Allah piyambak.
Menawa pamilihé Gusti Allah mau
gumantung saka penggawéné utawa
labeté manungsa marang Gusti Allah,
sing diarani sih-rahmat mau banjur wis
dudu sih-rahmat menèh.
7 Banjur kepriyé saterusé? Umat Israèl
wis ora bisa nemu apa sing padha
digolèki. Mung ana sapantha cilik saka
antarané umat Israèl sing kapilih déning
Gusti Allah. Ya mung wong sethithik kuwi

sing padha bisa nemu. Liyané padha dadi
budheg tumrap timbalané Gusti Allah.
8 Kaya sing kasebut ing Kitab Suci: "Ati
lan pikirané wong-wong kuwi wis digawé
kethul déning Gusti Allah, nganti sepréné
wong-wong mau padha ora bisa ndeleng
srana mripaté lan ora bisa ngrungu srana
kupingé."
9 Mengkono uga pangandikané
Sang Prabu Dawud: "Menawi sami
ngawontenaken pésta, péstanipun
menika dadosa kala jiret, dadosa
jalaranipun sami kesandhung, dadosa
paukuman!
10 Mripatipun dadosa peteng, ngantos
mboten sami saged ningali; kadamela
sami bungkuk mergi kamomotan déning
kasisahanipun!"
11 Yèn mengkono aku daktakon
menèh: Bangsa Yahudi enggoné
padha kesandhung kuwi apa supaya
padha nemu karusakan? babar-pisan
ora! Nanging sarèhné kita padha
nglakoni dosa, mulané keslametan
nuli diparingaké déning Gusti Allah
marang bangsa-bangsa liya, supaya
wong-wong Yahudi padha mèri marang

bangsa-bangsa sing padha nampa
keslametan mau.
12 Yèn dosa lan paneraké wong Yahudi
kuwi njalari bangsa-bangsa sajagad
kalubèran berkahé Gusti Allah, saiba
saya gedhéné berkah mau, saupama
wong Yahudi kabèh padha kapitulungan
slamet!
13 Saiki aku dakkandha karo wong-wong
dudu Yahudi: Salawasé aku dadi rasul
sing kautus marang bangsa-bangsa dudu
Yahudi, aku nganggep, pegawéanku iki
sawijining pegawéan sing mulya.
14 Srana mengkono, bisa uga aku njalari
bangsaku padha dadi mèri, banjur ana
sawetara sing banjur mratobat, temah
kaslametaké.
15 Sebab nalika biyèn wong-wong mau
padha ditampik déning Gusti Allah, kuwi
njalari jagad karukunaké karo Gusti
Allah, lan dadi mitrané Gusti Allah.
Banjur saupama wong-wong mau padha
mratobat lan ditampa déning Gusti Allah,
apa kuwi ora ateges yèn wong-wong
mau padha katangèkaké saka ing pati?
16 Yèn cuwilané roti sing dhisik dhéwé
kacaosaké marang Gusti Allah, kuwi
ateges yèn roti mau kabèh kacaosaké

Gusti Allah. Yèn oyodé kagungané Gusti
Allah, ateges nganti saepang-epangé iya
kagungané Gusti Allah.
17 Upamané mengkéné: Ana pang
sawetara sing dipagas saka wit zaitun
sing becik. Banjur ana pang saka wit
zaitun alasan sing dicangkokaké ana ing
wit zaitun sing becik mau. Kowé para
wong precaya sing asalé saka bangsa
dudu Yahudi, kuwi kena diumpamakaké
pangé wit zaitun alasan mau. Lan saiki
kowé padha mèlu ngrasakaké kekuwatan
lan kalubèraning uripé wong Yahudi.
18 Mulané kowé aja padha ngina marang
wong-wong sing padha kapagas kaya
pang-pangé wit zaitun mau. Kepriyé
bisané gumunggung? Kowé rak mumg
pang waé; kowé rak ora nyangga
oyoding wit, malah oyod kuwi sing
nyangga kowé.
19 Kowé uga bisa kandha mengkéné:
"Pang-pang kuwi enggoné kapagas rak
supaya aku dicangkokaké ana ing kono?"
20 Kuwi bener. Enggoné padha kapagas
kuwi merga padha ora precaya, lan
enggonmu kacangkokaké kuwi merga
kowé padha precaya. Nanging aja padha
gumunggung, aluwung padha wedia.

21 Sebab menawa Gusti Allah ora
ngéman wong Yahudi, yakuwi pang-pang
sing asli, apa kokkira bakal ngéman
marang kowé?
22 Srana mengkono kita sumurup
kemurahané lan kerasé Gusti Allah.
Panjenengané keras tumrap wong sing
nampik marang Panjenengané, nanging
loma marang kowé, semono mau yèn
kowé padha lestari ana ing sih-rahmaté.
Nanging yèn kowé ora lestari ana ing
sih-rahmaté, kowé bakal kapagas uga.
23 Menawa wong Yahudi sing wis padha
kapagas mau, pada bali mratobat
menèh, wong-wong mau bakal padha
kabalèkaké, katancepaké menèh ana ing
wit zaitun sing becik mau, jalaran Gusti
Allah kagungan pangwasa nancepaké
wong-wong kuwi mau menèh.
24 Kowé, para wong kapir, kaya
pangé wit zaitun alasan sing kapagas,
kacangkokaké ana ing wit zaitun sing
becik sing dudu asalmu. Déné wong
Yahudi kuwi kaya pangé wit zaitun sing
becik mau; rak luwih gampang ing
ngatasé Gusti Allah, nancepaké pang
sing dipagas mau, kabalèkaké menèh
ana ing wité sing asli.

25 Para sedulur, ana wewadi, sing prelu
dakkandhakaké marang kowé, supaya
aja nganti kowé duwé penemu, yèn kowé
kuwi wis pinter dhéwé. Wewadi mau
mengkéné: Wong Israèl enggoné padha
mangkotaké atiné kuwi ora kanggo
selawasé nanging mung nganti genep
cacahé wong kapir sing wis mlebu dadi
kagunganė Gusti Allah.
26 Kaya mengkono enggoné umat
Israèl kabèh kaslamataké. Kuwi manut
surasané Kitab Suci mengkéné: "Sang
Juru Slamet bakal rawuh saka Sion,
Panjenenganė bakal nyingkiraké
sakèhing durakané para turuné Yakub.
27 Aku bakal janji yakuwi samangsa Aku
ngapura dosané."
28 Merga wong Yahudi padha nampik
Injil, padha dadi mungsuhé Gusti Allah,
kuwi dadi lan becikmu, para wong dudu
Yahudi. Nanging merga kapilih déning
Gusti Allah, wong Yahudi mau padha
dadi mitrané Gusti Allah, krana saka
para leluhuré.
29 Sebab Gusti Allah kuwi penggalihé
ora malih tumrap wong sing wis dipilih
lan diberkahi.

30 Mungguh kowé, para wong dudu
Yahudi, biyèn kowé padha mbaléla
marang Pangéran; nanging saiki, merga
saka pamurangsaraké wong Yahudi,
kowé wis padha tampa sih-kamirahané
Gusti Allah.
31 Mengkono uga, merga kowé wis
padha nampani sih-rahmat, wong Yahudi
saiki padha mbaléla, nanging wekasné
uga nampani sih-rahmaté Gusti Allah.
32 Sebab wong kabèh wis didadèkaké
tawanan merga pambalèlané, supaya
Gusti Allah nglairaké sih-piwelasé
marang wong mau.
33 Iba agungé kasugihané Gusti
Allah! Saiba jeroning pamirsa lan
kawicaksanané! Sapa sing bisa
nerangaké caranė damel putusan? Sapa
sing ngerti tumindaké pakaryané?
34 Kaya sing dingandikakaké ana ing
Kitab Suci: "Sapa sing ngerti penggalihé
Gusti Allah? Sapa sing bisa ngaturi
pamrayoga?
35 Sapa sing wis tau nyenyaosi
Panjenengané nganti Panjenengané
kepotangan marang wong mau?
36 Awit Gusti Allah kuwi nitahaké
samubarang. Samubarang kabèh kuwi

pinangkané saka Gusti Allah lan kagem
Panjenenganépé. Mula kamulyakna ing
selawas-lawasé! Amin."

12

1 Sarèhné semono gedhéning
sih-rahmaté Gusti Allah marang
kita, para sedulur, mulané kowé
padha nyaosna badanmu dadi kurban
sing urip kagem Gusti Allah, kanggo
ngladosi pakaryané, kang gawé renaning
penggalihé. Ya sing kaya mengkono kuwi
patrapé enggonmu ngibadah.
2 Aja mung padha mèlu-mèlu kaya
sing dilakoni déning jagad iki; nanging
pasrahna marang Gusti Allah, supaya
budimu dadia anyar. Srana mengkono
kowé bakal ngerti, apa sing dadi kersané
Gusti Allah — yakuwi sing becik, sing
dadi keparengé, lan sing sampurna.
3 Iya merga saka sih-rahmaté Gusti
Allah sing diparingaké marang aku,
kowé kabèh padha dakkandhani: Aja
padha gumedhé, nanging pikiran lan
atimu sing presaja. Lan saben wong
padha mawasa awaké dhéwé miturut
takeraning precaya sing kaparingaké
déning Gusti Allah.

4 Ing badan kita ana gegelitané
pirang-pirang, sing padha duwé tugas
dhéwé-dhéwé.
5 Semono uga senajan kita iki
akèh, nanging kita mung siji ana ing
patunggilané Gusti Yésus Kristus, sing
siji lan sijiné padha katunggilaké dadi
gegelitan-gegelitan ing badan siji.
6 Mulané kita kudu migunakaké
ganjaran-ganjaran sing béda-béda mau
miturut sih-rahmat sing kaparingaké
déning Gusti Allah marang kita. Yèn
kaparingan ganjaran medharaké
pangandikané Gusti Allah, kudu
nindakaké manut takeraning precayané.
7 Yèn kaparingan ganjaran ngladèni
(utawa tetulung), iya kudu ngladèni.
Yèn ganjaran memulang iya padha
memulanga.
8 Yèn ganjaran kanggo ngatag-atag,
iya padha ngatag-ataga. Sapa sing
ngedum-edumaké barangé marang
wong liya, nindakna klawan éklasing ati;
sing dadi panuntun, nindakna klawan
taberi; sing olah kawelasan, nindakna
kanthi bungahing ati.

9 Tresnaa klawan éklas. Padha sengita
marang piala; sing becik padha
antepana.
10 Padha tresna-tinresnanana klawan
ati kang bungah, kaya sedulur marang
sedulur ana ing brayaté Sang Kristus.
Siji lan sijiné padha ajèn-ingajènan.
11 Padha nyambuta-gawé klawan taberi;
aja padha kesèd. Pengabdimu marang
Gusti Allah lakonana klawan sumarah lan
éklasing ati.
12 Padha bungaha sajroning pengarep-
arep, padha disabar sajroning nandhang
karubedan, lan tansah padha ndedongaa.
13 Apa saduwèkmu tanjakna kanggo
mitulungi para sedulurmu sing padha
kesrakat, lan padha dhangana awèh
panginepan marang wong neneka.
14 Wong sing padha nguya-uya marang
kowé padha suwunna berkah marang
Gusti Allah; ya suwunna berkah, aja
koksuwunaké laknat.
15 Padha bungah-bungaha karo wong
sing bungah, lan nangisa karo wong sing
lagi nangis.
16 Sajroning pesrawungan karo
wong kabèh, aja nganggo mbédak-
mbédakaké. Aja padha gumunggung,

padha dhangana nglakoni pegawéan
sing dianggep asor. Aja kuminter!
17 Aja males ala marang wong sing
gawé piala marang kowé. Padha ngudia
nindakaké apa sing dianggep becik
déning wong akèh.
18 Sabisa-bisa udinen supaya uripmu
rukun karo wong kabèh.
19 Para sedulur, aja pisan-pisan
nindakaké pemales merga sengit,
jalaran Gusti Allah piyambak sing
malesaké. Sebab ing Kitab Suci ana
pangandika mengkéné: "Pemales
kuwi wewenang-Ku. Aku (Gusti Allah)
sing bakal malesaké, mengkono
pangandikané Pangéran."
20 Malah pangandikané Gusti Allah
mengkéné: "Yèn satrumu keluwèn,
wènèhana mangan; yèn ngelak
wènèhana ngombé. Sebab srana patrap
mengkono ndadèkaké wirangé lan
ngakoni keluputané."
21 Kowé aja nganti dikalahaké déning
piala, malah piala mau kalahna srana
kabecikan.

13 1 Saben wong mbangun-turuta
marang para pangwasané negara.
Sebab ora ana pangwasa sing anané

tanpa kersané Gusti Allah, lan para
pangwasa sing ana kuwi kaadegaké
déning Gusti Allah.
2 Sapa sing nglawan marang pangwasa
sing mbawahaké, kuwi ateges nglawan
marang prenatané Gusti Allah. Lan saben
wong sing nindakaké mengkono, kuwi
nekakaké paukuman marang awaké
dhéwé.
3 Sebab wong sing nindakaké kabecikan
ora prelu wedi karo penggedhé, kejaba
yèn wong mau nglakoni piala. Apa kowé
kepéngin urip tanpa wedi marang wong
sing nyekel pangwasa? Yèn mengkono,
padha nindakna apa sing becik, supaya
kowé padha olèh pengalemé.
4 Sebab wong sing nyekel pangwasa
kuwi abdiné Gusti Allah, sing nyambut-
gawé murih becikmu. Nanging yèn kowé
nindakaké piala, wis samesthiné kowé
wedi, sebab pangwasa kuwi abdiné Gusti
Allah, wenang ngukum lan nindakaké
bebenduné Gusti Allah tumrap wong sing
nglakoni piala.
5 Kuwi sebabé kowé kudu padha
mbangun-turut marang para pangwasa,
ora mung merga saka bebenduné Gusti

Allah waé, nanging uga merga saka
rumangsaning ati kita dhéwé.
6 Iya merga saka kuwi kowé padha
kuwajiban mbayar pajeg, sebab para
pangwasa kuwi padha nyambut-gawé
kagem Gusti Allah, srana padha nglakoni
kuwajibané.
7 Mulané padha mbayara marang
pangwasa apa sing dadi kuwajibanmu;
yèn pajeg ya pajeg; yèn hormat lan
pakéring, iya ngurmatana lan padha
éringa.
8 Aja padha duwé utang marang sapa
waé, kejaba utang katresnan marang
padha sedulur. Sapa sing tresna marang
sapepadhané, kuwi sing nglakoni
angger-anggeré Gusti Allah.
9 Awit angger-angger sing muni:
"Aja laku bédhang, aja mematèni, aja
nyolong, aja mélik" lan angger-angger
liyané, kuwi kabèh wis kecakup ana ing
dhawuh: "Tresnaa marang sapepadhamu
dikaya enggonmu tresna marang
awakmu dhéwé!"
10 Sapa sing tresna marang pepadhané
kuwi ora bakal nandukaké piala marang
pepadhané mau. Sebab sing nandukaké

katresnan, kuwi padha karo nglakoni
angger-anggeré Gusti Allah.
11 Prekara tresna tinresnan kuwi kudu
padha koktindakaké, sebab kowé ngerti
yèn saiki mangsané kowé padha tangi
saka enggonmu turu. Sebab mangsané
enggon kita padha kaslametaké kuwi
saiki wis luwih cedhak ketimbang karo
dhèk biyèn, nalika kita manjing precaya.
12 Benginé wis mèh entèk, saiki wis
mèh raina. Mulané ayo padha marèni
nglakoni penggawé kang dilakoni ana ing
petengan, lan ayo padha nggunakaké
gegamaning perang ana ing padhangan!
13 Tingkah laku kita sing becik, kaya
déné wong sing urip ana ing wayah raina.
Aja padha nguja pakareman mangan
lan endem-endeman, aja laku jina sarta
ngumbar hawa-nepsu, aja padha tukar
padu lan aja kemèrèn.
14 Nanging Gusti Yésus Kristus sing
nemtokaké, apa sing kudu koktindakaké,
karebèn aja mung padha nuruti
pepénginaning daging sing dosa, mburu
marang kemaremané hawa-nepsu.

14 1 Sedulurmu sing ringkih
precayané kuwi tampanana, lan

aja kokajak dhébatan bab panemuné
dhéwé.
2 Ana wong precaya sing duwé penemu,
yèn dhèwèké mono bébas, kena mangan
apa waé. Nanging ana wong sing imané
ringkih, sing mung mangan sayuran
thok.
3 Wong sing rumangsa bébas olèh
mangan apa waé, kuwi aja ngina
marang wong sing ora mangan kaya
mengkono, lan wong sing mung mangan
sayuran, aja nyalahaké marang wong
sing mangan panganan apa waé, sebab
Gusti Allah wis marengaké wong mau
mangan mengkono.
4 Kowé kuwi sapa ta, déné arep
nyalahaké abdiné wong liya? Mung
bendarané wong kuwi dhéwé sing
wenang netepaké, apa wong mau tangi
apa tiba, bener apa luput. Yèn wong
mau tangi utawa bener, kuwi merga
Gusti Yésus sing maringi kabisan marang
wong mau.
5 Ana wong sing nganggep dina sing
siji luwih becik ketimbang karo dina
liyané, nanging uga ana wong sing
duwé penganggep, yèn dina kuwi padha

waé. Kabèh padha manut pangrasané
dhéwé-dhéwé.
6 Wong sing nganggep dina sing siji
luwih aji ketimbang karo dina liyané,
kuwi enggoné duwé panemu mengkono
merga ngurmati marang Gusti Yésus. Lan
wong sing mangan sabarang panganan,
kuwi iya merga ngurmati marang Gusti
Yésus, sebab wong mau saos panuwun
marang Gusti Allah. Semono uga wong
sing ora mangan sabarang panganan,
iya kanggo atur panuwun marang Gusti
Allah.
7 Ora ana panunggalan kita sing urip
utawa mati mung mligi kanggo awaké
dhéwé.
8 Yèn kita urip, urip kita kuwi kagem
Gusti, lan yèn kita mati, pati kita uga
kagem Gusti. Apa kita urip, apa mati,
kita tetep dadi kagungané Gusti.
9 Sebab Sang Kristus séda lan wungu
supaya dadi Gustiné wong urip lan wong
mati.
10 Yèn mengkono, apa sebabé kowé
nyalahaké sedulurmu? Apa sebabé kowé
ngina marang sedulurmu? Kita kabèh
rak bakal padha ngadhep ing ngarsané

Gusti Allah, lan bakal diadili déning
Panjenenganéʔ
11 Sebab ing Kitab Suci katulis:
"Satemené," mengkono pangandikané
Gusti Allah, "saben wong bakal sujud
ing ngarsa-Ku; lan saben wong bakal
ngakoni yèn Aku iki Allah."
12 Yèn mengkono, kita bakal ngaturaké
penjawab ijèn-ijèn ana ing ngarsané
Gusti Allah.
13 Yèn mengkono beciké kita aja padha
nyalahaké siji lan sijiné. Aluwung kita aja
padha nindakaké apa-apa, sing sekira
bisa marakaké sedulur kita kesasar
utawa tumiba ing dosa.
14 Merga saka enggonku tetunggilan
karo Gusti Yésus, aku bisa nemtokaké
yèn ora ana barang apa waé sing najis
saka karepé dhéwé, nanging yèn ana
wong sing nganggep sawenèhing barang
kuwi najis, barang kuwi tumrap wong
mau nuli najis.
15 Yèn srana enggonmu mangan
panganan gawé laraning atiné
sedulurmu, tumindakmu kuwi wis ora
adhedhasar katresnan. Enggonmu
mangan kuwi aja nganti njalari wong

liya kesasar, sebab Sang Kristus wis
nglampahi séda kanggo wong mau.
16 Aja nganti prekara sing kokanggep
becik, kuwi dadi dianggep ala déning
wong liya.
17 Sebab Kratoné Gusti Allah kuwi dudu
prekara mangan lan ngombé, nanging
prekara bebeneran, katentreman lan
kabungahan peparingé Sang Roh Suci.
18 Sing sapa ngladèni Sang Kristus
nganggo patrap mengkono, kuwi gawé
renaning penggalihé Gusti Allah, lan
diajèni déning pepadhané.
19 Mulané selawasé kita ngaraha
nindakaké prekara-prekara sing gawé
pirukun, sarta sing saya nyantosakaké
precayané siji lan sijiné.
20 Kowé aja padha mbubrah pakaryané
Gusti Allah mung merga prekara pangan.
Kabèh pangan kuwi kalal, nanging
saupama mangan barang sing marakaké
wong liya tumiba ing dosa, kita dadi
salah.
21 Luwih becik aja mangan daging,
utawa aja ngombé anggur, utawa aja
nindakaké apa waé sing marakaké
sedulurmu tumiba ing dosa.

22 Luwih becik keyakinanmu kuwi
koksimpen ing atimu dhéwé lan mung
disumurupi déning kowé dhéwé lan
Gusti Allah. Begja wong sing ora digugat
déning atiné dhéwé, samangsa wong
mau nindakaké sawijining prekara sing
diwawas becik.
23 Nanging wong sing sadurungé
mangan atiné wis mangu-mangu dhisik,
yèn sida mangan wong kuwi bakal
kaukum déning Gusti Allah, sebab
pamanganė mau ora metu saka ing
precaya. Lan samubarang sing ora
adhedhasar precaya kuwi dosa.

15 1 Kita sing padha kuwat
precayané, kudu nyabari para
sedulur sing precayané ringkih. Kita aja
padha mburu marang kesenengan kita
dhéwé waé.
2 Malah kita dhéwé-dhéwé kudu
padha ngarah gawé senengé atiné
sedulur-sedulur kita, amrih beciké
sedulur-sedulur mau, supaya precayané
dadia sentosa.
3 Sebab Sang Kristus uga ora ngupaya
kasenenganė piyambak, nanging kaya
kang dingandikakaké ing Kitab Suci:
"Awit sedaya tembung penacadipun

tiyang dhateng Paduka, dhawahipun
wonten ing kawula."
4 Awit samubarang sing katulis ana ing
Kitab Suci, kuwi minangka piwulang
tumrap kita, supaya kita duwé pengarep-
arep, mung marang Gusti Allah srana
kesabaran lan pangatag-atag, sing
kawulanga déning Kitab Suci mau.
5 Muga-muga Gusti Allah, etuking sabar
mantep sarta panglipur, ndadèkaké
kowé bisa tunggal panemu karo padha
sedulur, srana enggonmu nulad marang
Sang Kristus Yésus.
6 Supaya kowé klawan saiyeg padha
bisa ngluhuraké Gusti Allah, Ramané
Gusti kita Yésus Kristus.
7 Kaya déné Gusti Yésus Kristus
enggoné wis nampani kowé, semono uga
kowé padha nampanana pepadhamu,
kagem kaluhurané Gusti Allah.
8 Awit kaya sing wis dakkandhakaké,
yèn Sang Kristus wis ngasoraké sariranė,
dadi budhak tumraping wong Yahudi,
supaya ngetingalna kasetyané Gusti
Allah, uga supaya prejanji-prejanjiné
Gusti Allah karo para leluhur, kelakon
temenan.

9 Semono uga supaya para wong
dudu Yahudi ngluhuraké Gusti Allah,
merga sih-rahmaté. Kaya sing katulis
ing Kitab Suci mengkéné: "Mila kawula
badhé ngluhuraken Paduka, wonten ing
satengahing para bangsa, saha memuji
asma Paduka kanthi ngidungaken
pepujian."
10 Lan uga ngendika mengkéné: "Hé,
para bangsa, padha bungah-bungaha,
bareng karo umaté kang kapilih."
11 Lan menèh: "Hé, para bangsa, padha
saosa puji marang Pangéran, sarta
sakèhing taleré bangsa padha memujia
marang Panjenengané."
12 Sabanjuré Nabi Yésaya ngandika:
"Bakal ana sogol thukul saka tunggaké
Isai, bakal jumeneng ngerèh para
bangsa sarta iya Panjenengané kuwi sing
dadi pengarep-arepé para bangsa mau."
13 Muga-muga Gusti Allah, etuking
pengarep-arep, ngebakana atimu klawan
kabungahan lan katentreman, amarga
precayamu marang Panjenengané,
supaya pengarep-arepmu lestari tuwuh
déning pakaryané Sang Roh Suci.
14 Para sedulur: Aku yakin, yèn kowé
sugih kabecikan, sarta mumpuni ing

sadhéngah kawruh; mula bisa mulang
sapepadhamu.
15 Éwasemono ing layang iki aku
kumawani ngandhakaké prekara
sawetara klawan kendel, arupa pepéling
sing wis dakkabaraké marang kowé.
Enggonku wani nulis klawan kendel, kuwi
merga saka ganjaran sing kaparingaké
déning Gusti Allah marang aku.
16 Yakuwi enggonku kadadèkaké abdiné
Gusti Yésus Kristus, supaya nyambut-
gawé ana ing antarané bangsa-bangsa
dudu Yahudi. Enggonku ngabaraké Injilé
Gusti Allah kuwi presasat imam, supaya
wong dudu Yahudi bisa dadi kurban kang
gawé renaning penggalihé Gusti Allah,
lumadi marang Panjenenganė, merga
déning pakaryané Sang Roh Suci.
17 Mulané ana ing patunggilané Gusti
Yésus Kristus, atiku mongkog déné
kepareng lelados kagem Gusti Allah.
18 Aku mung wani nyritakaké apa sing
wis ditindakaké Sang Kristus lumantar
aku, yakuwi nuntun bangsa-bangsa dudu
Yahudi srana tembung lan penggawé,
supaya padha mbangun-turuta marang
Gusti Allah.

19 Leladiku mau srana migunakaké
pratandha lan mujijat sarta pangwasané
Sang Roh Suci. Iya kaya mengkono mau,
sajroné lelungan saka kutha Yérusalèm
tekan tanah Ilirikum, sedalan-dalan aku
tansah ngabaraké Injil kanthi jangkep,
bab Gusti Yésus Kristus.
20 Sing dakkepéngini banget kuwi
ngabaraké Injil ing panggonan-
panggonan sing durung tau krungu
bab Gusti Yésus Kristus, supaya srana
mengkono aku ora ngedegaké bangunan
ana ing pondhasi yasané wong liya.
21 Kaya sing katulis ing Kitab Suci:
"Wong sing durung tau kawartanan bab
Panjenengané, bakal padha ndeleng
Panjenengané, sarta wong sing durung
tau krungu bab Panjenengané, bakal
padha mangerti."
22 Iya merga sing mengkono mau, aku
tansah kepalang enggonku nekani kowé.
23 Nanging saiki pegawéanku ing
wilayah kéné wis rampung, lan sarèhné
wis pirang-pirang taun enggonku
kepéngin niliki kowé,
24 panyuwunku muga-muga bisa
kelakon. Yèn aku lelungan menyang
Spanyol, aku kepéngin mampir mrono

niliki kowé. Sawisé mampir sawetara
lawasé ana ing kutha Rum, aku kepéngin
kokbantu supaya bisa nerusaké lakuku
menyang Spanyol.
25 Saiki aku lagi lelungan menyang
kutha Yérusalèm, ngladosi umaté Gusti
Allah sing ana ing kono.
26 Sebab pasamuwan-pasamuwan ing
tanah Makédonia lan tanah Yunani wis
gawé putusan metu saka lilaning atiné,
ngirimaké sumbangan kanggo para
umaté Gusti Allah ing kutha Yérusalèm,
sing padha kesrakat.
27 Putusan kuwi metu saka karepé
wong-wong mau dhéwé, lan pancèn
sanyatané, wong-wong kuwi padha duwé
kuwajiban mbiyantu sedulur-sedulur
sing miskin. Wong Yahudi wis padha
ngedum-edumaké bandhané kasukman
ana ing antarané bangsa dudu Yahudi,
mula wis samesthiné, yèn bangsa dudu
Yahudi mau genti padha mbiyantu
wong-wong Yahudi nganggo bandhané
kadonyan.
28 Yèn tugasku iki wis rampung,
yakuwi yèn aku wis masrahaké dhuwit
mau kabèh, sing dikumpulaké kanggo
wong-wong miskin ing kutha Yérusalèm,

aku bakal mangkat menyang tanah
Spanyol, lan mampir niliki kowé ana ing
kutha Rum.
29 Aku yakin, yèn satekaku ana ing
antaramu, bakal nggawa berkahé Sang
Kristus sakatogé.
30 Para sedulur! Krana asmané Gusti
Yésus Kristus, lan krana sih-katresnan
peparingé Sang Roh Suci, kowé dakjaluk
padha bebarengan ndedonga kalayan
tumemen karo aku, nyuwun marang
Gusti Allah, supaya aku kaparingana
keslametan.
31 Aku padha dongakna supaya
aku kauwalaké saka panguya-uyané
para wong sing ora precaya ana ing
tanah Yudéa, lan supaya enggonku
nglakoni ayahan ditampa becik déning
umaté Gusti Allah, sing ana ing kutha
Yérusalèm.
32 Srana mengkono, yèn diparengaké
déning Gusti Allah, aku bisa nekani
kowé klawan ati kang bungah, temah
enggonku niliki kowé mau gawé segeré
atiku lan atimu.
33 Muga-muga Gusti Allah, etuking
katentreman, nunggil karo kowé. Amin.

16 [1] Aku kepéngin nepungaké kowé
karo Fébé, sedulur wanita sing
leladi ana ing pasamuwan Kèngkréa.
[2] Demi patunggilan kita karo Gusti
Yésus, sedulur kuwi tampanana ing
samesthiné kaya sing padha katindakaké
déning umaté Gusti Allah. Fébé mau
wènèhana pitulungan apa waé sing
dibutuhaké, sebab Fébé dhéwé wis
mitulungi wong akèh, klebu aku dhéwé.
[3] Aku kirim salam kanggo Priskila lan
Akwila, kancaku tunggal gawé ana ing
ayahané Gusti Yésus Kristus,
[4] kang wis ngetohaké nyawané kanggo
mitulungi aku. Ora mung aku dhéwé waé,
malah uga sakèhing pasamuwan dudu
Yahudi padha kepotangan kabecikan
karo wong loro kuwi.
[5] Uga salamku marang pasamuwan-
pasamuwan sing padha kumpulan ana
ing omahé. Salam marang sedulurku
Épénétus, sing daktresnani, wong
kawitan sing dadi Kristen ing tanah Asia.
[6] Salamku marang Maria, sing wis
nyambut-gawé akèh kanggo kowé.
[7] Salam marang Andronikus lan Yunias,
kancaku tunggal bangsa sing mèlu
dikunjara bebarengan karo aku; wong

loro kuwi padha kajèn ing antarané para
rasul, lan enggoné dadi Kristen malah
luwih dhisik ketimbang aku.
8 Salamku marang Ampliatus, sing
daktresnani ana ing patunggilané Gusti.
9 Uga marang Urbanus, kancaku
tunggal ayahan ana ing Sang Kristus.
Sarta marang Stakhis, mitraku sing
daktresnani.
10 Salam marang Apèlès, sing setya
banget marang Gusti Kristus. Uga salam
kanggo brayaté Aristobulus,
11 lan marang Hérodian, sedulurku
tunggal bangsa. Salam marang sedulur-
sedulur Kristen sing ana ing brayaté
Narkisus.
12 Salamku uga marang Triféna lan
Trifosa, sing padha nyambut-gawé akèh
kanggo ngladosi Gusti, lan salam marang
Pèrsis, sing daktresnani, sing wis akèh
banget labeté ana ing pakaryané Gusti.
13 Aku kirim salam marang Rufus, abdi
sing utama dhéwé ing ayahané Gusti,
lan salam marang ibuné, sing salawasé
ngrengkuh aku kaya anaké dhéwé.
14 Salamku marang Asinkritus, Flégon,
Hèrmes, Patrobas, Hèrmas, sarta para

sedulur Kristen liyané sing ana ing
pepanthan kono.
15 Salam marang Filologus lan Yulia,
marang Nérus lan mbakyuné, marang
Olimpas lan marang umaté Gusti Allah
sing ana ing pepanthan kono.
16 Padha anduma salam paseduluran,
pasamuwan-pasamuwané Sang Kristus
padha kirim salam marang kowé.
17 Para sedulurku, aku weling supaya
kowé padha waspada ing ngatasé
wong sing padha nekakaké crah lan
mbuyarakė kaprecayan lan sing padha
memulang cengkah karo piwulang sing
wis padha koktampa. Wong-wong sing
kaya mengkono kuwi singkirana.
18 Sebab wong-wong sing kaya
mengkono mau ora ngladosi Gusti Yésus
Kristus, nanging nggugu karepé dhéwé.
Wong-wong mau padha ngapusi wong
sing kaprecayané lugu, srana tembung,
pengalem lan pangrimuk.
19 Saben wong wis padha ngerti bab
kasetyanmu marang Injil, lan ing bab
prekara kuwi aku rumangsa begja.
Pengarep-arepku kowé padha tumindaka
klawan kawicaksanan ing bab prekara-

prekara sing becik, lan dadia wong sing
bodho tumrap prekara-prekara sing ala.
20 Lan Gusti Allah etuking katentreman
kita, bakal ngremuk Iblis ana ing
sangisoring tlapakané sikilmu. Sih-
rahmaté Gusti Yésus anaa ing kowé
kabèh.
21 Timotius kancaku tunggal gawé,
kirim salam; mengkono uga Lukius,
Yason, lan Sosipater, kanca-kancaku
tunggal bangsa Yahudi.
22 (Kula piyambak, Tèrtius, ingkang
nyerat serat menika, ugikintun salam
dhateng panjenengan sedaya wonten
ing patunggilanipun Gusti Yésus.)
23 Gayus, sing awèh pamondhokan
marang aku, lan marang pasamuwan,
kirim salam marang kowé kabèh. Uga
Érastus, bendhaharaning kutha kéné,
lan Kwartus, padha kirim salam uga.
24 [Sih-rahmaté Gusti Yésus Kristus
anaa ing kowé kabèh. Amin.]
25 Kita padha ngluhurna asmané
Gusti Allah! Panjenengané kuwi kwasa
nyantosakaké precayamu manut Injil
sing dakwartakaké, yakuwi pawarta
bab Gusti Yésus Kristus, condhong
karo kamirahané sing kalairaké, sing

kasidhem nganti pirang-pirang abad
lawasé.
26 Nanging kamirahan mau saiki wis
diwedharaké ana ing Kitabé para nabi.
Atas dhawuhé Gusti Allah sing langgeng,
kamirahan kuwi wis diwartakaké marang
para bangsa kabèh, supaya wong kabèh
padha precaya lan mbangun-turuta
marang Gusti Allah.
27 Ya Gusti Allah, sing Mahawicaksana.
Kasaosana sakèhing puji lan
pakurmatan, lantaran Gusti Yésus
Kristus ing selawas-lawasé. Amin. Saka
aku, Paulus, abdiné Sang Kristus Yésus

1 Korintus

1 [1] Layang saka Rasul Paulus, sing
katimbalan dadi rasulé Gusti Yésus
Kristus saka kersané Gusti Allah, lan uga
saka sedulur kita Sostenès, tumekaa
marang pasamuwané Gusti Allah ing
kutha Korintus, yaiku marang wong
kabèh sing wis padha katimbalan dadi
umaté Gusti Allah sing kasucèkaké srana
enggoné tetunggalan karo Gusti Yésus
Kristus; semono uga marang sakèhing
wong ing ngendi waé, sing padha nyebut
asmané Gusti Yésus dadi Gustiné, lan
iya dadi Gusti kita.
[2] (1:1)
[3] Gusti Allah, Rama kita, lan Gusti
Yésus Kristus, maringana sih-rahmat lan
katentreman marang kowé.
[4] Aku tansah saos sukur marang Gusti
Allah ing ngatasé kowé, merga saka
sih-rahmat sing wis diparingaké marang
kowé lantaran Gusti Kristus Yésus.
[5] Sebab ing sajroné patunggalanmu
karo Gusti Kristus, kowé wis padha dadi

sugih samubarang, iya bab enggonmu
caturan, iya bab kawruhmu.
6 Piwulang bab Gusti Kristus kuwi wis
rumesep ana ing atimu,
7 nganti sajroné kowé isih padha
ngarep-arep rawuhé Gusti Yésus Kristus,
kowé wis padha nampa sarupaning
ganjaran saka Rohé Gusti Allah.
8 Mengkono uga Sang Kristus piyambak
bakal ngreksa marang kowé nganti
tekan ing wekasan, supaya mbésuk ing
Dinané Gusti rawuh, ngadili jagad iki,
kowé padha tinemu tanpa cacad.
9 Gusti Allah Mahasetya wis nimbali
kowé marang patunggilané Kang Putra,
Gusti Yésus Kristus, iya Gusti kita.
10 Atas asmané Gusti kita Yésus Kristus,
wanti-wanti welingku marang kowé
kabèh, para sedulur, supaya padha
tunggala ing panemu tumrap prekara-
prekara sing padha kokrembug, supaya
panemumu aja nganti béda-béda. Padha
tunggala pikiran lan kekarepan.
11 Sebab aku krungu saka wong-wong
ing brayaté Kloè, yèn ing antaramu ana
dredah,
12 siji lan sijiné padha élon-élonan. Sing
siji muni: "Aku mèlu Rasul Paulus," liyané

muni: "Aku mèlu Apolos," liyané menèh
muni: "Aku mèlu Rasul Pétrus," lan wong
liya menèh muni: "Aku pendhèrèké Sang
Kristus."
13 Apa Sang Kristus kuwi pisah-pisah
dadi pirang-pirang golongan? Apa Rasul
Paulus mati disalib kanggo kowé? Apa
kowé biyèn padha dibaptis, supaya dadi
muridé Rasul Paulus?
14 Aku saos sukur marang Gusti Allah,
déné aku ora mbaptis sapa-sapa ana
ing antaramu, kejaba mung Krispus lan
Gayus.
15 Temah ora ana wong sing bisa
ngarani, yèn kowé biyèn padha dibaptis
supaya dadi murid-muridku.
16 (O, iya aku lali, pancèn aku biyèn
mbaptis Stéfanussabrayaté; nanging
saélingku ora ana wong liyané menèh
sing tau dakbaptis.)
17 Sang Kristus ora ngutus aku supaya
mbaptis wong. Panjenengané ngutus
aku ngabaraké Injil, lan mulangaké
Injil mau nganggo basa sing prasaja,
ora manut kawicaksanané manungsa.
Awit yèn nganggo basa sing manut
kawicaksanané manungsa, sédané Sang
Kristus ing kayu salib dadi nglaha lan

sakèhé daya kasektèné dadi ora ana
paédahé.
18 Awit tumraping wong sing bakal
nampa paukumané Gusti Allah, pawarta
bab sédané Gusti Yésus Kristus ana ing
kayu salib kuwi dianggep prekara sing
tanpa teges. Nanging tumrapé kita sing
kapitulungan slamet, Sang Kristus kuwi
wujudé kasektèné Gusti Allah.
19 Ana ing Kitab Suci Gusti Allah
ngandika: "Aku bakal mbuyaraké
kawicaksanané para wong wasis, lan
kawruhé wong pinter bakal Daklebur."
20 Yèn mengkono, panemuné wong-
wong wicaksana banjur kepriyé?
Semono uga kepriyé panemuné wong-
wong pinter? Apa déné panemuné
para ahli pikir jaman saiki banjur
kepriyé? Gusti Allah wis mratélakaké,
yèn kapinterané manungsa kuwi tanpa
teges.
21 Awit saka kawicaksanané, Gusti Allah
wis netepaké yèn manungsa ora bakal
bisa wanuh marang Gusti Allah saka
kapinterané dhéwé. Kosokbaliné, Gusti
Allah wis nemtokaké bakal paring slamet
marang wong sing precaya marang
pawarta, sing padha dakwartakaké,

sing déning wong kadonyan dianggep
ngayawara.
22 Wong Yahudi padha njaluk mujijat
minangka bukti, lan wong Yunani padha
mburu kawicaksanan.
23 Nanging tumrap kita, kita padha
martakaké bab Sang Kristus sing disalib,
yakuwi pawarta sing kanggoné wong
Yahudi dadi sandhungan (marakaké
tumiba ing dosa), lan tumraping wong
dudu Yahudi (wong kapir) pawarta mau
sawijining prekara sing ora tinemu ing
nalar.
24 Nanging tumraping wong sing padha
katimbalan déning Gusti Allah, wonga
Yahudi, wonga kapir, bab Sang Kristus
kuwi pangwasa lan kawicaksanané Gusti
Allah.
25 Sebab pakaryané Gusti Allah, sing
katoné bodho, nyatané luwih wicaksana
ketimbang karo kawicaksanané
manungsa, lan pakaryané Gusti Allah
sing katoné tanpa daya, jebul luwih rosa
ketimbang karo kekuwatané manungsa.
26 Para sedulur! Élinga marang kaanan
nalika kowé padha katimbalan déning
Gusti Allah. Rak mung sethithik cacahé
wong sing wasis utawa sing dadi

penggedhé, utawa sing duwé pangkat
dhuwur manut pétungané manungsa.
27 Nanging, Gusti Allah milih wong
sing dianggep bodho déning jagad
iki, supaya gawé wirangé para wong
wicaksana. Mengkono uga Gusti Allah
milih wong-wong sing ringkih, manut
pétungané jagad, kanggo mirangaké
wong-wong sing rosa.
28 Sing dianggep asor lan nistha, sing
dianggep ora ana ajiné déning jagad,
yakuwi sing dipilih déning Gusti Allah,
supaya ngorakna apa sing dianggep aji
déning jagad.
29 Srana mengkono ora ana wong sing
bisa gumunggung ana ing ngarsané
Gusti Allah.
30 Nanging Gusti Allah wis nunggilaké
kowé karo Sang Kristus Yésus, lan
Gusti Allah wis nemtokaké Sang Kristus
dadi kawicaksanan kita; lantaran Sang
Kristus kita padha karukunaké karo
Gusti Allah. Merga Sang Kristus kita
padha dadi umaté Gusti Allah kang suci.
Kita wis dimerdikakaké!
31 Mulané, kaya sing dingandikakaké
Gusti Allah ana ing Kitab Suci: "Sing

sapa arep gumunggung, ngegungna apa
sing wis katindakaké déning Gusti Allah."

2 1 Para sedulur, dhèk biyèn nalika aku
nekani kowé, martakaké kayektèné
Gusti Allah, yakuwi kayektèn sing
winadi, aku ora migunakaké tembung
sing dakik-dakik utawa kawruh sing
jero-jero.
2 Sebab selawasé aku ana ing antaramu,
atiku wis kenceng ora arep mikiraké
apa-apa kejaba Gusti Yésus Kristus,
luwih-luwih bab sédané ana ing kayu
salib.
3 Mulané nalika aku nekani kowé, aku
rumangsa tanpa daya lan gumeter
merga wedi.
4 Enggonku memulang lan ngabaraké
Injil ora srana tembung sing muluk-
muluk manut kapinterané manungsa,
nanging srana bukti sing mratélakaké
kwasaning Rohé Gusti Allah.
5 Precayamu nalika semana iya ora
adhedhasar kawicaksanané manungsa,
nanging landhesan pangwasané Gusti
Allah.
6 Senajan mengkono, aku uga
ngrembug bab kawicaksanan karo
wong-wong Kristen, sing jiwané wis

diwasa. Dudu kawicaksanan kadonyan,
utawa kawicaksanané para pangwasa
sing ngerèh jagad sing bakal sirna iki.
7 Kawicaksanan sing dakkarepaké kuwi
kawicaksanané Gusti Allah, yakuwi
wewadi sing ora disumurupi déning
manungsa, lan sing wis ana sadurungé
jagad katitahaké; kuwi mau kabèh
ditemtokaké déning Gusti Allah murih
kamulyan kita.
8 Para pangwasané jagad iki ora ana siji
waé sing ngerti marang kawicaksanané
Gusti Allah mau. Saupama ngertia,
wong-wong rak ora padha nyalib Gusti
sing Mahamulya kuwi.
9 Nanging kaya sing dingandikakaké
ana ing Kitab Suci: "Apa sing durung tau
dideleng utawa dirungu, apa sing ora
dipikiraké déning manungsa, ya prekara-
prekara kuwi sing wis dicawisaké déning
Gusti Allah kanggo wong sing padha
tresna marang Panjenengané."
10 Gusti Allah nglairaké wewadiné
mau marang kita lantaran Sang Roh
Suci. Rohé Gusti Allah kuwi nitipriksa
samubarang, dalasan kersané Gusti
Allah sing winadi, iya dititi priksa.

11 Kaya déné rohé manungsa sing ngerti
marang isining atiné dhéwé, mengkono
uga Sang Roh Suci iya pirsa penggalihé
Gusti Allah.
12 Kita padha ora nampani rohé donya
iki, nanging padha nampani Rohé Gusti
Allah, supaya kita padha ngerti marang
sadhéngah prekara sing wis diparingaké
déning Gusti Allah marang kita.
13 Mulané menawa aku padha
nerangaké bab kayektèné Gusti Allah
marang wong-wong sing padha nduwèni
Rohé Gusti Allah, aku ora padha nganggo
kawicaksanané manungsa, nanging
manut piwulanging Rohé Gusti Allah.
14 Sing sapa ora kadunungan Rohé Gusti
Allah, ora bisa nampa lan ngerti marang
ganjaran-ganjaran sing diparingaké
déning Roh mau. Ing ngatasé ganjaran-
ganjaran kuwi manungsa dianggep
bodho; sebab bisané ngerti mung yèn
kabiyantu déning Rohé Gusti Allah.
15 Wong sing kadunungan Rohé Gusti
Allah kuwi ngerti samubarang, nanging
ora ana wong sing bisa nliti marang
dhèwèké.
16 Kaya surasané Kitab Suci sing
mengkéné: "Sapa ta sing ngerti

penggalihé Pangéran, nganti bisa
mulang Panjenenganéʔ" Nanging kita
padha ngerti marang penggalihé Sang
Kristus!

3 1 Satemené para sedulur, aku ora
bisa rembugan karo kowé, kaya karo
wong-wong sing kadunungan Rohé Gusti
Allah. Aku kepeksa rembugan karo kowé
kaya karo wong-wong kadonyan, sing
tumraping iman Kristen isih kaya bocah
cilik.
2 Wiwit biyèn kowé kepeksa isih
dakwènèhi susu, dudu panganan sing
akas, sebab kowé durung bisa nampa.
Lan tekan saiki kowé iya durung bisa.
3 Sebab uripmu isih kaya wong-wong
kadonyan. Menawa ing antaramu isih
ana kemèrèn lan pasulayan, apa kuwi
ora nélakaké yèn uripmu isih cara
kadonyan, yakuwi manut ukuran lan
patrap sing dianut déning donya iki.
4 Menawa ana wong sing muni: "Aku
mèlu Rasul Paulus," lan liyané muni "Aku
mèlu Apolos," apa sing mengkono kuwi
dudu patrapé wong-wong kadonyan?
5 Sapa ta Apolos kuwi? Lan sapa ta
Paulus? Wong-wong kuwi rak mung
para abdiné Gusti Allah, sing nuntun

kowé dadi wong precaya. Aku iki mung
padha sadrema nyambut-gawé nglakoni
dhawuhé Gusti Allah.
6 Aku sing nandur, Apolos sing nyiram,
nanging Gusti Allah piyambak sing
nuwuhaké.
7 Wong sing nandur lan wong sing
nyirami kuwi ora penting. Sing penting
kuwi Gusti Allah, sebab Panjenengané
sing nuwuhaké.
8 Wong sing nandur lan wong sing
nyirami kuwi ora ana bédané; Gusti Allah
bakal paring ganjaran marang siji-sijiné
manut pegawéané dhéwé-dhéwé.
9 Aku iki padha réwangé nyambut-gawé
lan kowé, palemahan sing digarap
déning Gusti Allah. Kowé kuwi uga
gedhong sing diyasa déning Gusti Allah.
10 Srana migunakaké kapinteran
peparingé Gusti Allah, aku dadi tukang
gawé omah sing yasa pondhasiné,
lan wong liya sing mbangun ana ing
sandhuwuré pondhasi mau.
11 Sebab Gusti Allah piyambak wis
nemtokaké yèn mung Gusti Yésus
Kristus sing dadi pondhasiné gedhong
mau.

12 Ana wong sing migunakaké emas,
utawa slaka, utawa watu sing adi kanggo
ngedegaké bangunan ing sandhuwuré
pondhasi; ana menèh sing migunakaké
kayu, utawa suket garing, utawa damèn.
13 Bab apik lan orané garapané wong
siji-sijiné mau bakal ketitik mbésuk ing
Dinané Sang Kristus; sebab ing Dina
mau, garapané saben wong bakal dilèlèr
nganggo geni. Geni mau sing bakal
nélakakaké becik lan orané garapan.
14 Yèn sing dibangun ing sandhuwuré
pondhasi mau diobong ora mempan,
wongé sing mbangun bakal tampa
ganjaran.
15 Nanging yèn garapané kobong, bakal
kapitunan; nanging wong mau dhéwé
bakal slamet, senajan patrapé kaya
wong sing luwar saka omah sing kobong.
16 Apa kowé padha ora ngerti yèn kowé
kuwi gedhong pedalemané Gusti Allah,
sebab Rohé Allah dumunung ana ing
kowé!
17 Sapa sing ngrusak gedhong
pedalemané Gusti Allah, Gusti Allah
iya bakal ngrusak wong mau. Gedhong
pedalemané Gusti Allah kuwi suci, lan
gedhong mau iya kowé kuwi.

18 Aja ana wong sing ngapusi awaké
dhéwé. Yèn ing antaramu ana wong
sing duwé pengira dadi wong wicaksana
manut ukuran kadonyan, bèn wong
kuwi dadi bodho, supaya bisa wicaksana
temenan.
19 Sebab apa sing dianggep wicaksana
déning jagad kuwi déning Gusti Allah
dianggep bodho. Kaya surasané Kitab
Suci: "Wong-wong pinter kuwi dikala
déning Gusti Allah srana kapinterané
wong mau dhéwé!"
20 Ayat ing Kitab Suci liyané mengkéné:
"Gusti Allah pirsa yèn pangothak-athiké
wong pinter kuwi kabèh tanpa guna."
21 Mulané aja nganti ana wong
sing ngegung-egungaké kapinteranè
manungsa. Samubarang kabèh kuwi wis
dadi duwèkmu.
22 Paulus, Apolos, Pétrus, jaman saiki
lan jaman sing bakal kelakon kuwi kabèh
duwèkmu,
23 semono uga kowé kabèh iku
kagunganė Sang Kristus, lan Sang
Kristus kagunganė Gusti Allah.

4 1 Mulané aku iki padha anggepen para
abdiné Sang Kristus, sing dipitaya

rumeksa marang wewadiné Gusti Allah
sing gegayutan karo kayektèn.
2 Tumraping abdi sing dipitaya kaya
mengkono mau sarate mung siji, yakuwi
setya marang bendaranė.
3 Aku ora mreduli penganggepmu utawa
penganggepé wong liya tumrap awakku
dhéwé.
4 Aku ora rumangsa salah, nanging ora
ateges yèn aku iki ora duwé keluputan.
Sing ngadili aku iki Gusti piyambak.
5 Mulané kowé aja ngadili wong yèn
durung tekan wektuné. Pengadilan
sing pungkasan kuwi ngentèni mbésuk
sarawuhé Gusti Yésus. Panjenenganė
sing bakal medharaké sakèhé wewadi
sing sumimpen ana ing atiné manungsa.
Ing kono saben wong bakal olèh
pengalem saka Gusti Allah, manut
penggawéné dhéwé-dhéwé.
6 Merga kowé, para sedulur, aku wis
ngetrapaké kuwi mau kabèh marang
Apolos lan marang aku dhéwé. Aku lan
Apolos padha dakenggo tuladha, supaya
kowé ngerti apa tegesé unèn-unèn:
"Prenatan sing bener kuwi gugunen,"
supaya ing antaramu aja ana sing

ngegung-egungaké salah sijiné wong lan
nyepèlèkaké wong liyané.
7 Sapa sing wis ndadèkaké kowé kinacèk
karo wong liyané? Apa dudu Gusti Allah
sing maringaké samubarang sing ana
ing kowé? Kepriyé bisamu kumlungkung,
kaya-kaya sing kokduwèni kuwi ora
mung kari nampa?
8 Pancèn kowé wis ora butuh apa-apa
menèh! Kowé wis dadi sugih! Kowé
wis padha dadi ratu! Aku malah padha
durung dadi ratu. Aku kepéngin yèn
kowé dadia ratu temenan, supaya aku
padha bisa mèlu mréntah bebarengan
karo kowé.
9 Sebab manut panemuku, Gusti Allah
wis maringi aku, para rasul, pangkat sing
asor dhéwé, kaya déné wong-wong sing
ditibani paukuman pati ana ing ngarepé
umum, supaya dadia tontonané para
malaékat lan manungsa.
10 Krana Sang Kristus aku dadi wong
sing bodho; nanging kowé dadi wong-
wong Kristen sing wicaksana! Aku padha
dadi wong sing tanpa daya, nanging
kowé dadi wong-wong sing rosa! Aku
padha dicecamah, nanging kowé padha
kinurmatan!

11 Nganti wektu iki aku padha kaliren
lan kasatan; aku padha nggombal,
aku padha digebugi; aku padha mlayu
ngungsi saka panggonan siji menyang
panggonan sijiné;
12 aku kudu padha nyambut-gawé abot
supaya olèh pangan. Yèn dipoyoki, aku
padha males mberkahi; yèn dianiaya
aku padha sabar;
13 yèn dipitenah aku padha males
nganggo tembung sumèh. Tekan wektu
iki, aku mung padha dadi larahaning
jagad; aku iki dianggep déning umum
dadi leletheking bumi.
14 Enggonku nulis marang kowé iki,
ora merga aku arep gawé wirangmu,
nanging arep mulang lan momong
kowé kaya anak-anakku dhéwé sing
daktresnani.
15 Sebab senajan kowé wong Kristen
duwé guru saleksa, nanging bapakmu
mung siji. Sajroning uripmu dadi wong
Kristen, aku iki bapakmu, awit ya aku iki
sing nggawa pawarta Injil marang kowé.
16 Pituturku marang kowé: Kowé padha
nulada marang aku.
17 Mulané aku ngirim Timotius nekani
kowé. Ing ngatasé wong Kristen,

Timotius kuwi wis kaya anakku dhéwé
sing daktresnani lan sing setya ana ing
Gusti. Timotius uga bakal ngélingaké
kowé, bab pathokan-pathokan sing
dakanut sajroning urip anyar iki, sing
kaparingaké déning Gusti Yésus Kristus,
sing uga dakwulangaké marang para
pasamuwan kabèh, ana ing endi waé.
18 Ing antaramu ana wong sing padha
kumenthus, merga padha duwé pengira
yèn aku ora bakal nekani kowé menèh.
19 Nanging yèn Gusti marengaké, aku
bakal énggal nekani kowé. Ing kono
aku kepéngin weruh apa penggawéné
wong-wong sing padha kumenthus mau,
dudu tembungé.
20 Sebab Kratoné Gusti Allah kuwi
ora wujud tembung, nanging awujud
kasektèn.
21 Banjur endi sing kokpilih? Apa tekaku
kudu nggawa pecut apa katresnan lan
kesabaran?

5 1 Satemené aku wis krungu yèn ing
antaramu ana sing laku jina nganggo
cara sing ngungkuli carané wong kapir
(wong sing ora wanuh karo Gusti Allah),
yakuwi laku jina karo ibuné kuwalon
dhéwé!

2 Éwasemono, kowékok padha
gumunggung temen! Mesthiné kowé
kudu padha sedhih, lan wong sing
nglakoni jina kaya mengkono mau
kuduné diwetokaké saka pasamuwan.
3 Tumraping aku, senajan manut tata
lair dunungku adoh karo kowé, nanging
manut tata rohani, aku bebarengan
karo kowé; kaya-kaya aku dhéwé ana
ing tengahmu, "Mulané atas asmané
Gusti kita Yésus Kristus, aku nibakaké
paukuman marang wong sing nglakoni
penggawé sing murang-tata mau!"
4 Yèn kowé padha ngumpul
masamuwan, lan aku dhéwé uga
ana ing tengahmu sajroning roh, srana
pangwasané Gusti Yésus,
5 wong kuwi padha pasrahna marang
Iblis, supaya badané dirusak, nanging
nyawané kapitulungan slamet mbésuk
ing Dina Pengadilané Gusti.
6 Ora samesthiné kowé gumunggung!
Kowé rak padha ngerti unèn-unèn sing
mengkéné: "Ragi sethithik ngragèni
sakèhing jladrèn kabèh."
7 Ragi sing lawas, yakuwi dosa,
buwangen, supaya kowé padha dadia
jladrèn sing anyar, sing murni, sing

tanpa ragi. Lan satemené aku ngerti, yèn
kowé pancèn mengkono. Sang Kristus,
Cempéning Paskah wis kasembelèh.
8 Ayo kita padha pésta, ora mangan roti
sing nganggo ragi lawas, yakuwi dosa
lan laku jina, nanging mangana roti sing
tanpa ragi, yakuwi kasampurnan lan
kayektèn.
9 Ing layangku sing dhisik aku wis
weling, supaya kowé aja sesrawungan
karo wong sing padha laku jina.
10 Sing dakkarepaké dudu wong kapir
sing padha laku jina lan sing karem
bandha, bégal, utawa wong sing padha
nyembah brahala; sebab yèn kowé kudu
ngedohaké awakmu saka wong-wong
sing kaya mengkono mau, kowé rak
kepeksa kudu metu saka jagad iki.
11 Ora mengkono; sing dakkarepaké
yakuwi supaya kowé aja srawungan karo
wong sing ngakuné Kristen, nanging
satemené seneng laku jina, karem
bandha, nyembah brahala, utawa
seneng nyenyamah, seneng mendem,
seneng nindakaké colong jupuk. Aja
nganti kowé lungguh bebarengan
mangan karo wong sing kaya mengkono
mau.

12 Tumrap wong-wong ing sanjabané
pasamuwan, aku ora wenang ngadili.
Sing arep ngadili wong-wong kuwi
Gusti Allah piyambak. Nanging apa ora
wis samesthiné yèn kowé ngadili para
warganing pasamuwanmu dhéwé? Kaya
surasané Kitab Suci: "Wong sing padha
nindakaké piala, tundhungen saka ing
tengah-tengahmu."
13 (5:12)

6 1 Menawa ana panunggalanmu
sing prekaran karo padha sedulur,
koktegel-tegelé wong mau ngajokaké
gugatan marang hakim-hakim sing ora
wanuh marang Gusti Allah. Rak kuduné
wong mau masrahaké prekarané supaya
dirampungaké déning umaté Gusti Allah
dhéwé.
2 Apa kowé ora ngerti yèn umaté
Gusti Allah kuwi bakal ngadili jagad iki?
Menawa kowé bakal ngadili jagad iki, apa
kowé ora bisa ngadili prekara-prekara
sing sepélé mau?
3 Apa kowé padha ora ngerti, yèn kita
iki bakal ngadili para malaékat? Apa
menèh prekara-prekara sing magepokan
karo urip ing sedina-dina iki.

4 Menawa ana kedadéan-kedadéan sing
mengkono, apa sebabé prekara mau
kokpasrahaké marang wong-wong sing
padha ora duwé kalungguhan apa-apa
ana ing pasamuwan Kristen?
5 Apa kuwi ora ngisin-isini banget?
Saora-orané mesthi ana wong siji ing
antaramu sing wicaksana, sing bisa
ngrampungi prekarané sedulur loro sing
padha padu mau.
6 La koksedulur sing padha padu mau
malah koktégakaké padha golèk adil
menyang sing ora precaya.
7 Satemené anané wong padha
prekaran ing antaramu kuwi waé wis
nélakaké, yèn uripmu tata Kristen kuwi
asor banget. Apa ora luwih becik kowé
digawé sewenang-wenang? Apa ora
luwih becik kowé nandhang kapitunan?
8 Généa kokmalah kowé dhéwé
padha tumindak sewenang-wenang
ing kalanganmu dhéwé, sing siji gawé
pitunané sijiné, malah karo padha
sedulurmu dhéwé?
9 Kowé mesthi iya wis padha ngerti, yèn
wong ala mau ora bakal olèh kabegjan
ana ing Kratoné Gusti Allah. Aja padha
ngapusi awakmu dhéwé. Wong sing

kelakuané ala utawa sing nyembah
brahala, utawa laku jina, utawa dadi
rampog, laku jindik,[a]
10 wong-wong sing ngrodha-peksa,
utawa sing karem bandha, utawa sing
dhemen mendem, kuwi kabèh bakal
padha ora mèlu nampa kabegjan ana ing
Kratoné Gusti Allah.
11 Kaya mengkono biyèn kaananané
wong sawetara kang ana ing tengahmu.
Nanging saiki dosamu wis diresiki. Kowé
wis padha disaosaké marang Gusti Allah.
Kowé wis padha karukunaké karo Gusti
Allah, srana pangwasané Gusti Yésus
Kristus lan Rohé Allah kita.
12 Bisa uga ana wong sing muni:
"Aku wenang nindakaké samubarang."
Bener! Nanging ora samubarang kuwi
maédahi marang kowé. Aku uga
bisa muni: "Aku wenang nindakaké
samubarang," nanging aku emoh dadi
baturé samubarang.
13 Ana uga wong sing muni: "Pangan
kuwi mung kanggo weteng, lan weteng
kuwi mung kanggo pangan." Kuwi
iya bener. Nanging karo-karoné bakal
dirusak déning Gusti Allah. Badan ora

---

[a]jindik: homoseksual.

samesthiné kanggo laku jina, nanging
kanggo ngladèni kersané Gusti; lan Gusti
pancèn kersa ngagem badan mau.
14 Gusti Allah wis mungokaké Gusti
Yésus saka ing séda, mengkono uga
Gusti Allah bakal nangèkaké kita srana
pangwasané.
15 Kowé wis ngerti yèn badanmu kuwi
péranganing sariranė Sang Kristus. Apa
pantes yèn aku njupuk péranganing
sariranė Sang Kristus mau salah siji
dakdadèkaké péranganing badané
sundel? Mesthi ora!
16 Apa kowé padha ora ngerti yèn
wong sing kawin karo sundel kuwi dadi
badan siji karo sundel mau? Kaya sing
kasebutaké déning Kitab klawan cetha
mengkéné: "Loro-loroné bakal dadi
daging siji."
17 Nanging sing sapa nunggalaké
badané karo Gusti Yésus, wong mau
manut tata rohani dadi badan siji karo
Gusti Yésus.
18 Padha ngedohana laku jina!
Sarupaning dosa sing dudu laku jina,
ditindakaké déning wong sanjabané
badan, nanging wong sing laku jina kuwi
ngrusak awaké dhéwé.

19 Apa kowé padha ora ngerti, yèn
badanmu kuwi dadi pedalemané Sang
Roh Suci? Roh Suci sing kaparingaké
déning Gusti Allah marang kowé. Kowé
kuwi dudu duwèkmu dhéwé, nanging
kagungané Gusti Allah.
20 Kowé wis ditumbas déning Gusti
Allah klawan rega sing larang. Mulané
badanmu mau enggonen ngluhuraké
Gusti Allah.

7 1 Mungguh prekara-prekara sing
kokkandhakaké ing layangmu
marang aku; prayoga yèn wong lanang
ora kawin.
2 Nanging merga manungsa kuwi
gampang kena ing panggodha laku jina,
luwih becik yèn saben wong lanang duwé
somah dhéwé, lan saben wong wadon
duwé bojo dhéwé.
3 Saben wong lanang netepana
kuwajibané marang somahé, mengkono
uga wong wadon marang bojoné, sing
siji gawé mareming atiné sijiné.
4 Wong wadon ora kwasa tumraping
awaké dhéwé, nanging sing lanang sing
kwasa. Mengkono uga wong lanang ora
kwasa tumraping awaké dhéwé, sing
kwasa sing wadon.

5 Kowé aja padha cegah-cinegah,
kejaba yèn ana sarujuké loro-loroné,
kanggo sawetara mangsa. Srana
mengkono kowé padha bisa mligi
enggonmu ndedonga. Nuli padha
balia, supaya kowé aja kena ing
panggodhaning Iblis, merga ora kuwat
nyegah hawa-nepsumu.
6 Kabèh mau dakkandhakaké marang
kowé ora dadi prenatan, nanging
pamrayoga.
7 Satemené, mungguhing aku, aku
kepéngin yèn kowé padha kaya aku;
nanging saben wong mono ganjarané
dhéwé-dhéwé, sing siji olèh ganjaran
mengkéné, sijiné olèh ganjaran
mengkono.
8 Tumrap sing durung padha omah-
omah, lan para randha, aku mrayogakaké
supaya aja omah-omah, kaya aku iki.
9 Nanging yèn kowé padha ora kuwat
nyegah hawa-nepsu, luwih becik padha
omah-omah tinimbang ngangah-angah,
merga déning hawa-nepsu.
10 Tumrap wong sing padha omah-
omah, Gusti (dudu aku) paring dhawuh
mengkéné: Wong wadon sing wis
ningkah aja megat bojoné.

11 Yèn wong wadon mau dipegat
bojoné, tetepa ora omah-omah, utawa
rukuna menèh karo bojoné mau. Lan
wong lanang aja megat somahé.
12 Marang wong liya-liyané, aku, (dudu
Gusti), duwé pamrayoga mengkéné:
Yèn ana wong lanang Kristen duwé
somah wong sing ora precaya, mangka
somahé mau gelem urip bebarengan
karo dhèwèké, somahé mau aja dipegat.
13 Lan yèn ana wong wadon Kristen
duwé bojo wong sing ora precaya,
mangka wong lanang mau gelem urip
bebarengan karo dhèwèké, wong wadon
mau iya aja megat bojoné.
14 Jalaran wong lanang sing ora precaya
mau wis ditampi déning Gusti Allah,
merga enggoné dadi bojoné wong
wadon sing precaya mau; semono uga
wong wadon sing ora precaya, uga wis
ditampi déning Gusti Allah, merga saka
enggoné dadi somahé wong lanang sing
precaya mau. Saupama ora mengkono,
anak-anaké wong-wong mau rak banjur
dadi wong kapir, mangka satemené
anak-anak mau padha ditampi déning
Gusti Allah.

15 Nanging yèn sing ora precaya mau
kepéngin pegatan karo somahé utawa
bojoné sing Kristen, iya aja dialang-
alangi. Ana ing kaanan sing mengkono
wong lanang utawa wong wadon Kristen
mau dadi bébas. Nanging enggoné Gusti
Allah nimbali kowé, supaya kowé padha
tansah rukun.
16 Sebab kowé, wong wadon Kristen,
rak ora bisa nemtokaké yèn bojomu
ora bisa mratobat lan kaslametaké?
Semono uga kowé, wong lanang Kristen,
ora bisa nemtokaké yèn kowé ora bisa
dadi jalarané somahmu mratobat lan
kaslametaké?
17 Saben wong nataa uripé manut
ganjaran sing kaparingaké déning Gusti
Yésus, kaya katemtuané Gusti Allah
nalika nimbali wong mau. Prenatan
iki sing dakwulangaké ana ing saben
pasamuwan.
18 Upamané mengkéné: Yèn ana wong
sing nalika katimbalan déning Gusti
Allah, wis tetakan, kuwi aja nyoba
ngilangi tabeté tetakan mau, mengkono
uga sing nalika katimbalan déning Gusti
Allah durung ditetaki, aja banjur ngudi
supaya ditetaki.

19 Sebab tetak utawa ora tetak, kuwi
dudu apa-apa. Sing prelu, saben wong
netepana angger-anggeré Gusti Allah.
20 Saben wong tetepa kaya ing nalikané
katimbalan déning Gusti Allah.
21 Apa nalika kowé katimbalan mau dadi
batur-tukon? Kuwi ora dadi apa. Nanging
yèn kowé olèh kelonggaran dadi wong
merdika, kelonggaran mau pigunakna.
22 Sebab senajan batur-tukon, yèn wis
katimbalan déning Gusti Yésus, dadi
merdika. Mengkono uga wong merdika
sing wis ditimbali déning Sang Kristus,
dadi abdiné (batur-tukoné) Sang Kristus.
23 Kowé wis ditumbas déning Gusti Allah
lan wis dibayar lunas. Mulané aja dadi
batur-tukoné manungsa menèh.
24 Nanging para sedulur! Ana ing
patunggilané Gusti Allah, saben wong
lestaria kaya nalika katimbalan déning
Gusti Allah.
25 Saiki bab wong sing isih prawan,
aku ora tampa dhawuh apa-apa saka
Gusti, nanging aku nglairaké panemuku
marang kowé, lan merga saka sih-
rahmaté Gusti Yésus, sing kaparingaké
marang aku, kena kokprecaya.

26 Manut panemuku, ngèlingi sakèhing
kasusahan ing jaman saiki, luwih becik
yèn wong lanang tetepa kaya kaanané
saiki.
27 Yèn kowé wis omah-omah, kowé aja
megat somahmu. Déné yèn durung, aja
omah-omah.
28 Déné yèn kowé omah-omah, kowé
ora dosa. Mengkono uga yèn ana
prawan, omah-omah kuwi ora dosa. Aku
mung kepéngin njaga supaya kowé aja
nganti padha ngalami karépotané wong
sing padha omah-omah.
29 Karepku mengkéné: Para sedulur!
Wektuné mung kari sedhéla. Mulané
wiwit saiki wong lanang sing omah-omah
uripa kaya wong sing ora omah-omah;
30 wong sing nangis dikaya wong sing
ora sedhih. Wong sing ngguyu dikaya
wong sing ora bungah atiné. Wong sing
tetuku, dikaya wong sing ora nduwèni
barang sing dituku mau;
31 lan wong sing padha dol-tinuku
barang-barang kadonyan iki, dikaya
wong sing ora kecencang déning
barang-barang kadonyan mau. Sebab
jagad sing kaanané kaya saiki iki bakal
énggal sirna!

32 Pengarep-arepku kowé bisaa urip
tanpa sumelang. Wong lanang sing ora
omah-omah, bisa nglakoni ayahané
Gusti klawan bébas, lan gawé renané
penggalihé Gusti.
33 Nanging wong sing sesomahan kuwi
kecencang déning prekara-prekara
kadonyan iki, sebab wong mau kudu
gawé senenging atiné sing wadon.
34 Merga mengkono pikirané mrana-
mréné. Lan wong wadon sing ora
omah-omah utawa para prawan,
bisa nggelengaké pikirané kanggo
pakaryané Gusti, merga arep masrahaké
saranduning jiwa lan ragané. Nanging
wong wadon sing omah-omah mikiraké
prekara-prekara kadonyan, merga
kepéngin gawé senenging atiné sing
lanang.
35 Enggonku pitutur mengkono mau
murih becikmu dhéwé, ora merga
aku kepéngin gawé larangan-larangan
kanggo kowé. Malah karepku supaya
kowé padha nglakonana penggawé
sing bener lan becik, bisaa nyaosaké
uripmu kanthi wutuh, kanggo ngladosi
pakaryané Gusti.

36 Yèn ana wong lanang lan wong
wadon padha pepacangan, mangka sing
lanang banjur rumangsa tumindak sing
ora bener, tur rumangsa ora bisa nyegah
hawa-nepsuné lan kepéngin ningkah
karo pacangané mau, kuwi beciké padha
ningkaha waé, kaya sing dikarepaké
biyèn. Mengkono mau ora dosa.
37 Nanging yèn ana wong lanang sing
wis niyat ora arep omah-omah, tanpa
dipeksa déning sapa-sapa, lan ngerti
temenan apa sing arep digayuh, becik
yèn wong mau ora omah-omah.
38 Dadi wong lanang sing omah-omah
mau becik, nanging wong lanang sing
ora omah-omah kuwi luwih becik.
39 Wong wadon sing wis omah-omah
duwé kuwajiban tumrap bojoné mung
selawasé sing lanang isih urip. Sawisé
sing lanang mati, wong wadon mau
bébas arep omah-omah menèh karo
sapa waé sing dikarepaké, angger
kawiné mau karo wong precaya.
40 Nanging manut pangrasaku, wong
wadon mau bakal luwih begja, menawa
tetep ora omah-omah. Kuwi mau manut
penemuku, lan dakkira aku kadunungan
Rohé Gusti Allah.

8 1 Bab mangan sesajèning brahala,
pancèn bener kaya kandhané
wong-wong, yèn "kita wis padha
duwé pangerti". Nanging kawruh sing
mengkono mau marakaké wong dadi
gumunggung, awit sing mbangun kuwi
mung katresnan.
2 Wong sing rumangsané ngerti
samubarang, kuwi satemené kawruhé
durung paja-paja.
3 Nanging wong sing tresna marang
Gusti Allah kanthi temen-temen, kuwi
sing dadi keparengé Gusti Allah.
4 Mulané bab mangan sesajèning
brahala, kuwi satemené mengkéné: Kita
ngerti yèn brahala mono pepethaning
barang sing satemené ora ana. Kita
ngerti yèn sing ana mung Gusti Allah
piyambak.
5 Senajan ana sing disebut "déwa-
dèwi," ing swarga utawa ana ing bumi,
lan senajan cacahé ‘déwa lan dèwi’ kuwi
akèh,
6 nanging tumrap kita mung ana Gusti
Allah siji, yakuwi Sang Rama, sing
nitahaké samubarang kabèh, lan kita
padha urip kagem Panjenengané. Lan
mung ana Gusti siji, yakuwi Gusti Yésus

Kristus, sing dadi lantarané samubarang
kabèh katitahaké, lan urip kita iki uga
merga Panjenenganė.
7 Nanging ora saben wong ngerti
marang kayektèn mau. Ana wong
Kristen sing merga biyèn wis kulina
nyembah brahala, tekan sepréné yèn
mangan pangan sing disajèkaké marang
brahala, rumangsané brahala mau ana
temenan, lan pangan kuwi duwèké
brahala mau temenan. Lan sarèhné
imané sèkèng, yèn dhèwèké mangan
pangan sing disajèkaké marang brahala,
rumangsané wong mau banjur dadi
najis.
8 Mangka satemené pangan kuwi ora
marakaké kita luwih cedhak karo Gusti
Allah. Yèn kita ora mangan, kita ora
kapitunan apa-apa, mengkono uga
saupama kita mangan, kita iya ora bathi
apa-apa.
9 Mung waé kabébasan kita aja nganti
marakaké wong sing imané sèkèng
tumiba ing dosa.
10 Saupama ana wong sing imané
sèkèng weruh "kowé sing padha duwé
kawruh" mau padha mangan ing kuil
brahala, apa wong mau ora banjur mèlu-

mèlu mangan pangan sing disajèkaké
marang brahala?
11 Lan srana mengkono ‘kawruhmu’
mau apa ora marakaké sedulurmu sing
sèkèng imané dadi nemu tiwas? Mangka
Sang Kristus wis nglampahi séda uga
kanggo wong mau.
12 Srana mengkono kowé wis gawé dosa
marang sedulur-sedulurmu, srana natoni
pangrasané atiné sing ringkih.
13 Mulané yèn pangan kuwi marakaké
sedulurku tumiba ing dosa, aku aluwung
ora mangan panganan mau ing selawas-
lawasé, supaya aku aja nganti njalari
sedulurku tumiba ing dosa.

9 1 Aku iki apa dudu wong sing
merdika? Aku iki apa dudu rasul? Aku
apa ora wis tau weruh Gusti kita Yésus
Kristus? Lan apa kowé dudu wohing
pegawéanku kagem Gusti?
2 Senajan wong liya ora ngakoni aku
iki rasul, nanging tumraping kowé aku
iki rasul! Sebab kowé dhéwé lan uripmu
dadi wong-wong Kristen, nélakaké yèn
aku iki rasul.
3 Yèn ana wong sing padha nyruwé aku,
jawabku mengkéné:

4 Apa aku ora wenang olèh pangan
lan ombèn-ombèn saka enggonku
nyambut-gawé?
5 Apa aku ora wenang nindakaké apa
sing katindakaké déning rasul-rasul
liyané lan para sedhèrèké Gusti Yésus,
apa déné Pétrus? Apa aku ora wenang
sesomahan karo wong wadon Kristen lan
ngajak dhèwèké lelungan?
6 Apa mung Barnabas lan aku dhéwé
sing kudu golèk pangan dhéwé?
7 Endi ana prejurité angkatan perang
sing kudu ngragadi awaké dhéwé? Utawa
endi ana wong tani sing ora mangan
anggur saka keboné dhéwé? Utawa
pangon endi sing ora ngombé susu saka
wedhusé dhéwé?
8 Pasemon sing dakkandhakaké iku
kabèh ora mung saka pengalaman
pedinan, nanging Kitab Suci iya
ngandharaké kaya mengkono.
9 Torèté Nabi Musa rak uga nyebutaké
mengkéné: "Kowé aja mbrangus
cangkemé sapi sing lagi kanggo
nggiling." Sing dikersakaké déning Gusti
Allah ing kéné ora mung sapi waé,
10 nanging sanyatané ya kita iki.
Wong sing nyebar lan wong sing derep

wis samesthiné nyambut-gawé kanthi
pengarep-arep bakal nampa panduman
saka panènan mau.
11 Aku wis padha nyebar wiji rohani ing
antaramu, apa aku ora wenang padha
ngenèni berkah kajasmanèn saka kowé?
12 Yèn wong-wong liya padha duwé
wewenang olèh bagéan kajasmanèn
mau saka kowé, apa wewenangku
iki ora luwih gedhé tinimbang karo
wong-wong mau? Nanging aku padha
ora migunakaké wewenangku, malah
aku nyukupi kebutuhanku dhéwé,
supaya aku aja ngalang-alangi Injilé
Sang Kristus enggoné kawartakaké.
13 Wong sing nyambut-gawé ana ing
Pedalemané Allah wis samesthiné nampa
pangané saka Pedalemané Allah mau,
lan wong-wong sing padha nyaosaké
kurban ing mesbèh tampa panduman
saka kurban mau.
14 Mengkono uga Gusti wis netepaké
yèn wong sing ngabaraké Injil iya nampa
pangané saka enggoné ngabaraké Injil
mau.
15 Nanging aku durung tau migunakaké
wewenangku babar-pisan. Malah
enggonku nulis layang iki ora kokmerga

supaya aku nampa wewenang-wewenangku. Awit aku aluwung mati, ketimbang karo kélangan prekara sing gawé mongkoging atiku.

16 Aku ora duwé wewenang gumunggung bab enggonku ngabaraké Injil, sebab aku iki sadrema nglakoni dhawuh. Lan iba cilakané awakku, saupama aku ora ngabaraké Injil kuwi.

17 Menawa enggonku nindakaké pegawéanku metu saka karepku dhéwé, aku wenang ngarep-arep olèh opah. Nanging sarèhné ngabaraké Injil kuwi sawijining kuwajiban, dadiné pegawéan mau wis dadi tugas sing diparingaké déning Gusti Allah marang aku.

18 Banjur, opahku apa? Opahku yakuwi: déné aku kepareng ngabaraké Injil tanpa opah, ateges sajroning pegawéanku ngabaraké Injil mau aku ora njaluk apa sing dadi wewenangku.

19 Aku iki bébas. Aku dudu budhaké sapa-sapa. Nanging awakku dakdadèkaké budhaké saben wong, supaya aku bisa olèh ati saka wong kabèh.

20 Yèn layanan karo wong Yahudi, tumindakku kaya wong Yahudi, supaya

aku bisa olèh ati saka wong Yahudi. Yèn layanan karo wong sing padha nganut Torèté Nabi Musa, tumindakku kaya wong sing nganut Torèt, senajan uripku ora gumantung ing Torèt, supaya aku bisa nggèndèng wong-wong mau.
21 Lan tumraping wong-wong dudu Yahudi aku tumindak kaya wong dudu Yahudi, kaya-kaya aku ora ngerti karo adat tata carané wong Yahudi, supaya aku bisa nggèndèng wong dudu Yahudi. Kuwi ora merga aku ora manut karo angger-anggeré Gusti Allah; sebab uripku nganut angger-anggeré Gusti Yésus Kristus.
22 Ing tengah-tengahé wong sing imané ringkih, tumindakku kaya wong sing imané ringkih uga, supaya aku bisa nggèndèng wong-wong mau. Srana mengkono aku wis dadi pepadhané saben wong, supaya sebisa-bisa aku nylametaké sapérangan saka antarané wong-wong mau, srana patrap apa waé.
23 Kabèh mau daktindakaké merga saka Injil, supaya aku bisa mèlu ngrasakaké kabegjan-kabegjan kaya surasané Injil mau.

[24] Kowé padha ngerti yèn ana ing
balapan mlayu, sing mèlu wong akèh,
nanging sing dadi juwarané mung wong
siji. Mulané padha mlayua kaya wong
sing arep menang lan dadi juwara.
[25] Saben wong sing arep mèlu balapan,
sajroné nggladhi awaké, padha tundhuk
marang tatanan sing keras banget. Wong
mau padha betah nglakoni mengkono,
supaya bisa olèh makutha kemenangan,
sing bisa sirna. Nanging kita iki padha
betah nglakoni mengkono, supaya olèh
makutha sing langgeng.
[26] Yakuwi sebabé enggonku mlayu
ngener marang garis pungkasan. Yèn
diupamakaké wong tinju (jotosan),
olèhku njotos ora ngawur.
[27] Nanging aku nggladhi badanku
nadhahi jotosan-jotosan sing keras,
supaya aku bisa ngerèh badanku mau.
Aja nganti sawisé aku ngabaraké Injil
marang wong liya, aku dhéwé ditampik
déning Gusti Allah.

10 [1] Para sedulur! Aku kepéngin
ngélingaké kowé, bab apa sing
dialami déning para leluhur kita, sing
padha ndhèrèk Nabi Musa. Para leluhur

mau padha kauban déning méga lan
nyabrang Segara Teberau kanthi slamet.
2 Ana ing sajroning méga lan ana ing
sajroning segara mau para leluhur kabèh
kabaptis dadi penganuté Nabi Musa.
3 Wong kabèh mau padha mangan roti
kasukman sing padha,
4 lan padha ngombé ombèn-ombèn
kasukman sing padha, kabèh padha
ngombé saka watu karang kasukman,
lan watu karang mau yakuwi Sang
Kristus piyambak.
5 Éwasemono wong-wong mau
sapérangan gedhé ora gawé renaning
penggalihé Gusti Allah, mulané padha
mati lan kakubur pating slebar ana ing
ara-ara samun sing diliwati.
6 Tumrap kita prekara mau kabèh dadi
pasemon kanggo ngélingaké, supaya kita
aja kepéngin marang prekara-prekara
sing ala kaya sing wis ditindakaké déning
para leluhur dhèk biyèn.
7 Supaya kita aja padha nyembah
brahala, kaya sing wis katindakaké
déning wong-wong mau. Kaya sing
kadhawuhaké ana ing Kitab Suci:
"Wong-wong padha lungguh, mangan

lan ngombé, nuli padha ngadeg lan
jogèdan."
8 Kita aja padha laku jina kaya sing
biyèn katindakaké déning sawenèhing
wong-wong mau, nganti sajroning sedina
ana wong telulikur èwu sing padha mati.
9 Kita aja padha nyoba marang
Pangéran, kaya sawenèhing wong-wong
dhèk jaman biyèn, satemah padha mati
dicokot ula.
10 Lan kowé aja padha nggrundel bab
nasibmu, kaya sawenèhing wong nalika
semana, temah padha ditumpes déning
Malaékaté Pati.
11 Anané lelakon kabèh mau, supaya
dadi tuladha kanggo wong-wong liya.
Lan kabèh mau katulis minangka
pepéling tumrap kita, sing padha urip
ing jaman pungkasan.
12 Mulané sapa sing ngadegé rumangsa
wis jejeg, padha sing ngati-ati supaya
aja nganti tiba.
13 Godha sing kokalami kuwi, godha
sing lumrah dialami déning saben
wong. Nanging Gusti Allah setya
marang janjiné. Panjenengané ora
bakal négakaké kowé digodha nganti
ngungkuli kekuwatanmu. Yèn kowé

digodha, Panjenengané bakal maringi
kekuwatan marang kowé, supaya kowé
tetep panggah, sarta Panjenengané
bakal maringi dalan, supaya kowé bisa
oncat saka panggodha mau.
14 Mulané para sedulur kang dakkasihi,
aja padha nyembah brahala, kuwi padha
singkirana.
15 Enggonku kandha mengkono
kuwi merga kowé dakanggep wong
sing ngerti. Padha timbangen dhéwé
tembungku iki.
16 Tuwungé berkah sing kita tampani
saka Gusti klawan ngucap sukur, kuwi
yèn kita ombé, apa ora mratélakaké
enggon kita tetunggalan karo rohé Sang
Kristus? Lan yèn kita mangan roti sing
kita cuwil-cuwil, apa ora mratélakaké
enggon kita tetunggilan karo sariranė
Sang Kristus?
17 Sebab rotiné mung siji, mengkono
uga kita, sing cacahé akèh iki satemené
badan siji, sebab kita kabèh padha
mangan nunggal roti siji mau.
18 Padha nitènana bangsa Israèl jaman
biyèn, yakuwi wong sing padha mangan
kurban sing disaosaké marang Gusti
Allah ana ing mesbèh. Wong-wong mau

rak padha ndhèrèk lelados ana ing
mesbèh mau?
19 Aku rak ora kandha, yèn brahala
utawa sesajèn sing disaosaké mau ana
nyatané.
20 Ora babar-pisan! Karepku, apa sing
disaosaké ana ing mesbèhing brahala
mau ora disaosaké marang Gusti Allah,
nanging marang sétan-sétan. Lan aku
ora rila yèn kowé padha tetunggalan
karo sétan-sétan.
21 Kowé ora kena ngombé saka tuwungé
Gusti lan uga ngombé saka tuwungé
sétan-sétan. Kowé ora kena mangan
ana ing méjané Gusti Yésus lan sawisé
kuwi banjur mangan ana ing méjané
sétan-sétan.
22 Apa kowé kepéngin gawé bentèring
penggalihé Gusti Yésus? Apa kita iki
luwih rosa tinimbang Panjenengané?
23 Ana wong sing muni: "Aku wenang
nindakaké apa sing dakkarepaké."
Bener! Nanging ora samubarang
maédahi. "Aku wenang nindakaké
samubarang," nanging ora samubarang
migunani.

24 Aja ana wong sing mburu
keuntungané dhéwé waé, nanging
padha nggatèkna uga marang wong liya.
25 Kowé bébas arep mangan daging
apa waé sing diedol ing pasar, tanpa
mangu-mangu.
26 Sebab Kitab Suci ngendika: "Bumi
lan saisiné kuwi kagungané Gusti Allah."
27 Yèn kowé diundang mangan déning
wong sing ora precaya lan kowé gelem
nekani uleman mau, mangana apa waé
sing disuguhaké tanpa mangu-mangu.
28 Nanging yèn ana wong sing kandha
marang kowé: "Kuwi sesajèning
brahala," aja kokpangan, supaya aja
nuwuhaké gagasan ing wong mau,
yèn kowé ngandel marang brahala,
mengkono uga merga rasaning atimu
dhéwé.
29 Dadi ora mung merga rasaning atimu
dhéwé nanging uga kanggo rasaning
atiné wong mau. Bisa uga ana wong
sing muni: "Yagéné kamerdikanku
kokdiwatesi déning rasaning atiné wong
liya?
30 Yèn aku mangan pangan sing wis
disuguhaké klawan ngucap sukur,
yagéné aku kokdisalahaké, merga

mangan pangan sing wis daksucèkaké
mau?"
31 Bener, nanging aja lali, yèn apa waé
sing koktindakaké, apa mangan, apa
ngombé, apa waé sing koklakoni kuwi
kabèh lakonana kanggo kaluhurané
Gusti Allah.
32 Tumindakmu aja njalari wong-wong
padha tumiba ing dosa, iya wong
Yahudi, iya wong dudu Yahudi, utawa
pasamuwané Gusti Allah.
33 Nulada marang aku! Ing sadhéngah
prekara sing daklakoni, aku ngarah gawé
senengé wong kabèh, tanpa mburu
kesenenganku dhéwé. Sing dakélingi
kuwi kepentingané wong liya, supaya
wong mau padha slamet.

11 1 Padha nulada marang aku, kaya
déné aku iya nulad marang Sang
Kristus.
2 Kowé padha dakalem, merga
enggonmu tansah padha éling marang
aku, lan padha ngantepi ing piwulang
sing dakwènèhaké marang kowé.
3 Aku kepéngin menawa kowé padha
ngerti, yèn Sang Kristus kuwi sesirahé
saben wong lanang, wong lanang kuwi

sesirahé somahé, lan Gusti Allah kuwi
sesirahé Sang Kristus.
4 Dadi yèn wong lanang ndedonga
utawa memulang ing pasamuwan kanthi
sirah kudhungan, kuwi ngrèmèhaké
Sang Kristus.
5 Nanging yèn wong wadon ndedonga
utawa memulang ing pasamuwan, tanpa
kudhungan sirahé, kuwi ngrèmèhaké
sing lanang, padha kaya yèn wong
wadon mau rambuté dicukur.
6 Yèn wong wadon ora kudhungan
sirahé, luwih becik yèn wong mau
nyukur rambuté. Sarèhné ora pantes
yèn wong wadon rambuté dicukur utawa
dikethok, mulané luwih becik, yèn wong
wadon kudhungan sirahé.
7 Wong lanang ora prelu nganggo
kudhung, sebab wong lanang kuwi
nyunaraké rupa lan kamulyané Gusti
Allah. Nanging wong wadon nyunaraké
kamulyané wong lanang.
8 Sebab dudu wong lanang sing
katitahaké saka wong wadon, nanging
wong wadon sing katitahaké saka wong
lanang.
9 Semono uga dudu wong lanang sing
katitahaké kanggo wong wadon, nanging

wong wadon sing katitahaké kanggo
wong lanang.
10 Lan tumrapé para malaékat, wong
wadon prayoga nganggo kudhung,
supaya dadi pretandha yèn dhèwèké
kawengku déning bojoné.
11 Éwasemono, ana ing patunggilané
Gusti, wong wadon ora gumantung wong
lanang, lan wong lanang ora gumantung
wong wadon.
12 Awit kaya déné wong wadon
katitahaké saka wong lanang, nanging
wong lanang kalairaké saka wong
wadon; lan samubarang kabèh mau
pinangkané saka Gusti Allah.
13 Padha pikiren dhéwé, apa pantes
wong wadon ndedonga ana ing ngareping
umum tanpa nganggo kudhung?
14 Manut alamé waé rak wis ketara, yèn
wong lanang ngingu rambut dawa kuwi
ngasoraké drajaté dhéwé.
15 Kosokbaliné tumrapé wong wadon,
rambut dawa malah dadi kaurmatané.
Rambut dawa kuwi enggoné kaparingaké
marang wong wadon minangka dadi
kudhunging sirahé.
16 Nanging yèn ana wong sing
arep mbantah, wangsulanku mung

mengkéné: Ana ing papan pangibadah
kita utawa ing pasamuwan-pasamuwané
Gusti Allah, ora ana patrap manembah
liyané menèh.
17 Tumrap apa sing arep dakwènèhaké
iki, aku ora arep ngalem marang kowé.
Awit enggonmu padha kumpulan,
satemené ora ndadèkaké beciké
pasamuwan, nanging malah dadi lan
alané.
18 Sebab sepisan: Aku krungu yèn ana
ing pasamuwanmu ana golongan sing
siji karo sijiné padha dredah. Lan aku
precaya yèn kabar mau ana nyatané.
19 Satemené ora nggumunaké yèn ing
antaramu ana pasulayan, supaya katona
sapa sing bener.
20 Yèn kowé padha ngumpul, kuwi
satemené kowé ora padha nedya
mangan bujananané Gusti.
21 Sebab yèn kowé padha mangan,
saben wong padha mangan pangané
dhéwé-dhéwé, nganti ana wong sing
kaliren, lan ana wong sing mendem.
22 Apa kowé padha ora duwé omah, sing
kena kokenggo mangan lan ngombé?
Yagéné kowé padha ngrèmèhaké
pasamuwané Gusti Allah lan gawé

wirangé wong-wong sing miskin?
Aku kudu muni kepriyé marang kowé
tumraping prekara iki? Apa aku kudu
ngalem kowé? Babar-pisan ora. Aku ora
arep ngalem kowé!
23 Sebab piwulang sing daktampa
saka Gusti, ya piwulang kuwi sing
dakwènèhaké marang kowé, yakuwi:
ing wayah bengi, nalika Gusti Yésus
ngangkat diulungaké, Panjenengané
mundhut roti,
24 lan sawisé saos sukur marang
Gusti Allah, roti mau nuli dicuwil-cuwil
karo ngandika: "Iki badan-Ku, sing
Dakwènèhaké marang kowé. Iki padha
tampanana minangka pengéling-éling
marang Aku."
25 Mengkono uga sawisé dhahar, Gusti
nuli mundhut tuwungé, sarta ngandika:
"Tuwung iki prejanjian anyar saka Gusti
Allah, prejanjian sing disahaké srana
getih-Ku. Saben-saben kowé padha
ngombé saka tuwung iki, padha tindakna
minangka pengéling-éling marang Aku."
26 Sebab saben-saben kowé padha
mangan roti lan ngombé saka ing tuwung
iki, kowé padha martakaké sédané Gusti,
nganti Panjenengané rawuh menèh.

27 Mulané sing sapa enggoné mangan
roti lan ngombé saka ing tuwungé mau
nganggo patrap sing ora ngajèni Gusti,
wong kuwi gawé dosa tumrap sarira lan
rahé Gusti Yésus.
28 Dadi luwih dhisik saben wong kudu
nitipriksa badané dhéwé, sawisé kuwi
nuli mangana roti lan ngombéa saka ing
tuwung mau.
29 Sebab yèn wong sajroning mangan
lan ngombé ing tuwung mau ora ngakoni
yèn sing dipangan lan diombé mau
ana gegayutané ora sariranė Gusti
Yésus pamangan lan pangombéné bakal
nekakaké paukuman marang awaké
dhéwé.
30 Kuwi sebabé ing antaramu akèh sing
padha lara, lan ringkih, malah akèh sing
padha mati.
31 Yèn sadurungé kita wis padha ndadar
badan kita dhéwé-dhéwé, kita bakal ora
padha diukum déning Gusti Allah.
32 Nanging yèn kita diukum lan diperdi
déning Gusti Allah, kuwi maksudé supaya
kita aja nganti diukum bebarengan karo
jagad iki.
33 Mulané para sedulurku! Samangsa
kowé padha ngumpul arep mangan

bujanané Gusti, padha ngentènana
sedulurmu.
34 Déné yèn ana wong sing ngelih,
wong kuwi mangana dhisik ing omahé,
supaya samangsa kowé ngumpul
mangan, kowé aja diukum déning Gusti
Allah. Bab prekara-prekara liyané arep
dakkandhakaké mbésuk samangsa aku
wis teka mréné.
12 1 Saiki bab pangwasa peparingé
Sang Roh Suci, aku kepéngin
supaya kowé padha ngerti ing sanyatané.
2 Nalika kowé isih dadi wong kapir, kowé
padha ora wanuh marang Gusti Allah;
uripmu dikwasani déning brahala sing
mati, sing tansah nyasaraké kowé.
3 Ngertia yèn ora ana wong sing
dituntun déning Sang Roh Suci kokmuni:
"Yésus kena ing laknat". Lan uga ora
ana wong sing bisa ngakoni: "Yésus kuwi
Gusti," yèn ora merga dituntun déning
Sang Roh Suci.
4 Ganjaran rohani mau werna-werna,
nanging sing maringi padha, yakuwi
Sang Roh Suci.
5 Mengkono uga patrapé ngladosi Gusti
kuwi werna-werna, nanging Gusti sing

kita ladosi mung siji yakuwi Gusti Yésus
Kristus.
6 Ana kaélokan werna-werna, nanging
Allah iku siji, kang nindakaké iku kabèh
ana ing wong kabèh.
7 Nanging saben wong nampa ganjarané
Sang Roh Suci, kang mbabaraké sariranè
kanggo kabecikané wong kabèh.
8 Sing siji kaparingan ganjaran déning
Sang Roh Suci bisa micara kanthi
kawicaksanan. Sing sijiné uga déning
Sang Roh Suci diparingi ganjaran
memulang bab Gusti Allah kanthi
pangwasa.
9 Sing siji diparingi ganjaran iman iya
déning Sang Roh Suci, lan sijiné menèh
diparingi ganjaran pangwasa kanggo
marasaké wong lara.
10 Marang sawenèhing wong Sang Roh
Suci mau maringi ganjaran pangwasa
kanggo gawé mujijat, lan marang wong
liyané kawasisan kanggo memulang, lan
marang wong liyané menèh ganjaran
kanggo mbédakaké roh rupa-rupa.
Ana sing tampa ganjaran bisa caturan
nganggo basa roh, lan ana menèh sing
kaparingan ganjaran bisa nerangaké
tegesé basa roh mau.

11 Kuwi mau kabèh pakaryané Sang Roh
Suci. Panjenenganė maringi ganjaran
marang wong siji-sijiné miturut kersané
piyambak.
12 Sang Kristus kuwi kaya déné badan
siji, sing akèh péranganė. Badané mung
siji, senajan péranganė akèh.
13 Semono uga kita kabèh, apa wong
Yahudi, apa wong kapir, apa batur-
tukon, apa wong merdika, kita wis
padha kabaptis dadi badan siji, lan wis
diombèni saka Roh siji.
14 Awit badan iki ora dibangun mung
saka pérangan siji waé, nanging saka
pérangan akèh.
15 Yèn sikil muni: "Sarèhné aku iki dudu
tangan, aku dudu péranganė badan,"
kuwi ora ateges, yèn sikil mau dudu
péranganing badan.
16 Lan yèn kuping muni: "Sarèhné aku
dudu mripat, dadi aku dudu péranganė
badan," kuwi ora ateges yèn kuping mau
dudu péranganing badan.
17 Saupama badan sekojur mung
mripat, kepriyé bisané krungu? Yèn
badan sekojur dadi kuping, kepriyé
bisané badan mau ngambu?

18 Satemené, Gusti wis nitahaké saben
péranganing badan mau béda-béda
miturut ing sakersané.
19 Yèn badan mung wujud pérangan siji,
banjur endi sing diarani badan?
20 Sing nyata pérangan-péranganė
badan mau akèh, nanging badané mung
siji.
21 Mulané mata ora kena muni marang
tangan: "Aku ora butuh kowé!" utawa
sirah muni marang sikil: "Aku ora butuh
kowé!"
22 Malah péranganė badan sing ringkih
dhéwé kuwi sing dibutuhaké banget,
23 lan péranganing badan sing miturut
wawasan kita ora ana ajiné, kuwi sing
kita rumati. Gegelitaning badan sing
katoné kurang apik, kita gatèkaké
banget,
24 ora kaya enggon kita nggatèkaké
pérangan-pérangan sing wis éndah.
Awit Gusti Allah enggoné mrenata
badan kita kuwi wis klawan patrap
mengkono, nganti pérangan sing ora
pantes, digatèkaké luwih banget, supaya
dadi lan pantesé.
25 Dadi badan mono ora kapisah-pisah;
nanging senajan pérangan-péranganė

béda-béda, éwasemono pérangan sing
siji mikiraké marang pérangan sijiné.
26 Mulané yèn ana pérangan siji sing
lara, pérangan liyané kabèh padha mèlu
ngrasakaké. Lan yèn ana pérangan
siji sing olèh pangalembana, pérangan
liya-liyané padha mèlu bungah.
27 Iya kaya mengkono kowé kabèh
enggonmu dadi sariranė Sang Kristus,
lan saben wong padha dadi péranganė.
28 Uga ing pasamuwan Gusti Allah
wis maringaké marang wong siji-sijiné
kalungguhan lan ayahan: sepisan
rasul-rasul; kapindho nabi-nabi;
katelu guru-guru; nuli wong-wong
sing nindakaké mujijat-mujijat, lan
wong-wong sing padha kaparingan
pangwasa marasaké wong lara utawa
tetulung marang wong liya, utawa awèh
tuntunan marang wong, utawa caturan
nganggo basa roh.
29 Wong-wong mau rak ora kabèh dadi
rasul, utawa dadi nabi kabèh, utawa dadi
guru kabèh. Rak ora kabèh bisa gawé
mujijat,
30 utawa bisa marasaké lelara, utawa
bisa caturan nganggo basa roh, utawa
bisa nerangaké maksudé basa roh mau.

31 Mulané padha ngudia supaya padha
kaparingan ganjaran sing luhur dhéwé.
Déné dalan sing apik dhéwé kuwi sing
mengkéné:

13 1 Senajan aku bisa caturan
nganggo sakèhé basané
manungsa, malah nganggo basané
malaékat pisan, nanging yèn aku ora
duwé katresnan, caturanku mau ajiné
ora ngluwihi gong sing mbrebegi kuping
utawa uniné loncèng sing cumengklèng.
2 Senajan aku kaparingan wangsit saka
Gusti Allah, utawa duwé kapinteran
sing sampurna, lan ngerti marang
sakèhé wewadi; utawa senajan aku
duwé iman sing sentosa nganti bisa
ngingser gunung, nanging yèn aku ora
duwé katresnan, aku ora ana gunané
babar-pisan.
3 Senajan barang-darbèkku kabèh
dakdanakaké, malah senajan aku rila
awakku diobong, nanging yèn aku ora
duwé katresnan, kabèh mau tanpa guna
kanggoné aku.
4 Katresnan kuwi sabar lan seneng
nandukaké kabecikan; katresnan kuwi
ora kumèrèn, ora ngapikaké awaké
dhéwé lan ora kumenthus.

5 Katresnan kuwi ora kurang ajar, lan
ora golèk menangé dhéwé; ora gampang
kecenthok lan ora ngendhem keluputané
wong liya ing atiné.
6 Katresnan kuwi ora seneng marang
piala, nanging seneng marang kabecikan.
7 Katresnan kuwi ora tau nyemplahaké
lan precaya marang kabecikan,
pengarep-arepé lan kesabarané ora ana
pedhoté.
8 Katresnan kuwi ora ana watesé.
Wangsit-wangsit mono mung kanggo
sawetara mangsa. Caturan nganggo
basa roh kuwi bakal sirep, lan kawruh
uga bakal sirna.
9 Awit kawruh lan wangsit sing
kaparingaké marang kita mau uga
durung sampurna.
10 Nanging yèn sing sampurna wis teka,
sing ora sampurna bakal sirna.
11 Nalika aku isih bocah, caturanku,
pangrasaku lan patrapku mikir kaya
bocah. Nanging saiki, sawisé aku
diwasa, kaananku nalika isih bocah mau
dakbuwang kabèh.
12 Mengkono uga sing kita deleng
saiki iki kaya déné gambar bureng
sing ana ing pengilon. Nanging mbésuk

kita bakal padha ndeleng adu arep.
Apa sing kita sumurupi saiki, iki mung
sapérangan; nanging mbésuk kita bakal
sumurup kanthi sampurna, kaya déné
sampurnané pamirsané Gusti Allah
marang awakku.
13 Cekaké telung prekara iki sing prelu,
yakuwi precaya, pengarep-arep lan
katresnan; nanging sing penting dhéwé
ing antarané telu kuwi: katresnan.
14 1 Mulané padha ngudia supaya
kowé duwé katresnan, lan
padha ngundhakna ganjaran-ganjaran
paparingé Sang Roh Suci; luwih-luwih
supaya kowé padha bisaa medharaké
pangandikané Gusti Allah.
2 Wong-wong sing padha caturan
nganggo basa roh, kuwi ora caturan
karo manungsa, nanging karo Gusti
Allah, sebab manungsa rak ora ngerti
basa roh mau. Wong mau ngandhakaké
prekara-prekara sing winadi srana
pangwasané Sang Roh Suci.
3 Nanging wong sing medharaké
pangandikané Gusti Allah kuwi caturan
karo manungsa, yakuwi: mbangun,
mituruti lan nglipur.

4 Wong sing caturan nganggo basa
roh, kuwi mung nyantosakaké awaké
dhéwé, nanging wong sing medharaké
pangandikané Gusti Allah mau
nyantosakaké pasamuwan.
5 Aku kepéngin supaya kowé kabèh
bisa padha caturan nganggo basa roh,
nanging aku luwih seneng yèn kowé
kabèh bisa medharaké pangandikané
Gusti Allah. Sebab wong sing medharaké
pangandikané Gusti Allah kuwi luwih
maédahi tinimbang wong sing caturan
nganggo basa roh, kejaba yèn ing
pasamuwan ana wong sing bisa
nerangaké, supaya wong sapasamuwan
kabèh bisa kebangun.
6 Para sedulur, yèn aku teka menyang
nggonmu, banjur caturan nganggo basa
roh, kuwi paédahé apa? Babar-pisan ora
ana, kejaba yèn aku medharaké wahyu
saka Pangéran, utawa kawruh, utawa
wangsit, utawa piwulang.
7 Kepriyé bisané wong ngerti lagu
sing diunèkaké nganggo suling utawa
clempung, yèn piranti-piranti sing tanpa
nyawa mau ora metokaké swara sing
cetha?

8 Utawa slomprèt, yèn diunèkaké mung
angger muni waé; sapa sing arep siaga
maju perang?
9 Mengkono uga sapa sing bakal ngerti
marang sing kokkandhakaké, yèn
pawartamu ora cetha, merga kowé
padha caturan nganggo basa roh?
Tembung-tembungmu mau mung bakal
muspra kabur ing angin.
10 Ing jagad iki akèh basa, lan ora ana
basa siji waé sing tanpa teges.
11 Yèn aku ora ngerti basa sing dienggo
caturan wong, wong mau tumraping
aku banjur dadi kaya wong manca;
mengkono uga aku tumraping dhèwèké.
12 Sarèhné kowé padha kepéngin
banget nampa ganjaran peparingé
Sang Roh Suci, sabisa-bisa padha
mersudia olèh ganjaran-ganjaran sing
bisa dipigunakaké kanggo mbangun
pasamuwan.
13 Wong sing caturan nganggo basa roh,
padha nyuwuna uga diparingi ganjaran
bisa nerangaké apa sing dikandhakaké
nganggo basa roh mau.
14 Sebab yèn aku ndedonga nganggo
basa roh, kuwi ya bener rohku ndedonga,
nanging pikiranku ora mèlu ndedonga.

15 Saiki apa sing kudu dakkandhakaké?
Mengkéné: Aku arep ndedonga nganggo
rohku, nanging aku iya arep ndedonga
nganggo pikiranku. Aku arep memuji
nganggo rohku, lan aku iya arep memuji
nganggo pikiranku.
16 Yèn kowé saos sukur marang Gusti
Allah mung nganggo roh waé, kepriyé
wong liya sing ana ing kumpulan
mau bisa muni Amin, yakuwi ngamini
enggonmu saos sukur mau? Sebab
mokal menawa wong-wong ngerti
marang tembungmu.
17 Senajan enggonmu saos sukur mau
becik, nanging wong liya padha ora mèlu
kabangun.
18 Aku matur nuwun marang Gusti Allah
déné aku diparingi bisa caturan nganggo
basa roh, ngungkuli kowé kabèh.
19 Nanging ana ing pasamuwan
aku aluwung ngucapaké limang
tembung, sing dingertèni wong, kanggo
mulang wong liya-liya, ketimbang
karo ngucapaké tembung maèwu-èwu
nganggo basa roh.
20 Para sedulur, pikiranmu aja kaya
pikirané bocah. Ing bab piala kowé kena

kaya bocah, nanging ing bab mikir kowé
kudu kaya wong sing wis diwasa.
21 Ing Kitab ana tulisan: "Aku bakal
ngandika marang bangsa iki, ‘Lumantar
wong sing caturan nganggo basa
roh, lan lumantar wong-wong manca,
nanging umat iki ora bakal ngrungokaké,
mengkono pangandikané Pangéran.’"
22 Peparing basa roh kuwi bukti tumrap
wong sing padha ora precaya, lan
ora kanggo wong-wong sing precaya;
nanging ganjaran medhar pangandikané
Gusti Allah kuwi bukti kanggo wong-
wong sing precaya, lan ora kanggo
wong-wong sing ora precaya.
23 Menawa ana ing kumpulan, wong
sapasamuwan kabèh padha caturan
nganggo basa roh, banjur ana wong
njaba padha teka, yakuwi wong-wong
sing ora precaya, apa wong-wong mau
ora padha ngira yèn kowé kabèh mau
édan?
24 Nanging yèn kowé kabèh padha
medhar pangandikané Gusti Allah,
banjur ana wong ora precaya utawa
wong saka njaba teka, wong kuwi bakal
ngrumangsani dosa-dosané, merga
pamedharing pangandika sing dirungu

mau. Wong mau bakal rumangsa
kawelèhaké déning pangandika mau.
25 Wewadi-wewadi sing sumimpen ana
ing atiné bakal kawiyak, lan wong mau
bakal ngasoraké awaké, banjur ngabekti
marang Gusti Allah, karo ngaku yèn
Gusti Allah nunggil karo kowé temenan.
26 Para sedulur, samangsa kowé padha
nganakaké kumpulan, aku kepéngin
supaya ana wong sing menyanyi, ana
sing mulang, ana menèh sing nglairaké
wahyu saka Gusti Allah, ana wong sing
nglairaké pawarta nganggo basa roh, lan
wong siji menèh sing nerangaké tegesé
basa roh mau. Kabèh mau katindakna
kanggo mbangun pasamuwan.
27 Yèn ana wong sing arep caturan
nganggo basa roh, kuwi beciké mung
wong loro utawa akèh-akèhé telu waé,
giliran, lan ana wong siji nerangaké
tegesé.
28 Yèn ing kumpulan mau ora ana wong
sing bisa nerangaké tegesé, luwih becik
yèn wong sing bisa caturan nganggo
basa roh mau padha menenga waé.
Karebèn wong mau padha mosik ing
sajroning atiné dhéwé, lan matur ing
ngarsané Gusti Allah.

29 Wong loro utawa telu sing padha
tampa pawarta saka Gusti Allah mau
padha medharna pawarta, déné wong-
wong liyané padha ngrasak-ngrasakna
apa sing dikandhakaké déning wong-
wong sing padha medhar pawarta
mau.
30 Nanging yèn ing antarané wong sing
kumpulan mau ana sing nampa pawarta
saka Gusti Allah, prayoga menawa
sedulur sing lagi medhar pawarta
meneng dhisik.
31 Kowé kabèh kena medhar pawarta
saka Gusti Allah, genti-gentèn, supaya
wong kabèh nampa piwulang sarta
pangatag-atag.
32 Ganjaran peparingé Sang Roh Suci
kanggo medharaké pawarta saka Gusti
Allah kuwi kudu ana ing pangwasané
wong sing tampa peparing medharaké
pawarta mau,
33 sebab Gusti Allah ora ngersakaké
kaanan sing kisruh, nanging sing tata
lan tentrem. Padha kaya ing sakèhé
pasamuwané Gusti Allah,
34 prayogané ana ing kumpulan
pangibadah, wong wadon padha
menenga, sebab padha ora diparengaké

guneman; kaya sing kadhawuhaké
déning Torèté wong Yahudi, wong-wong
wadon mau ora kena mèlu caturan.
35 Yèn ana prekara sing kepéngin
ditakokaké, ana ing omah takona
marang bojoné. Sebab tumraping wong
wadon ora pantes menawa guneman ana
ing pasamuwan.
36 Pangandikané Gusti Allah kuwi tekané
ora saka kowé! Utawa pangandikané
Gusti Allah kuwi rak ora mung
kaparingaké marang kowé!
37 Sing sapa nganggep yèn dhèwèké
utusané Gusti Allah, utawa yèn dhèwèké
mau kaparingan ganjaran saka Sang
Roh Suci, wong kuwi kudu éling, yèn
apa sing daktulis ana ing layang marang
kowé iki mau dhawuhé Gusti.
38 Yèn wong mau ora gelem nurut
marang dhawuh, wong kuwi aja
kokgatèkaké.
39 Merga saka kuwi, para sedulur padha
ngudia medharaké pawartané Gusti
Allah, nanging aja ngalang-alangi wong
sing caturan nganggo basa roh.
40 Samubarang kabèh lakonana klawan
patut lan tata.

15 [1] Para sedulur, aku saiki arep
ngélingaké kowé bab Injil sing
biyèn wis dakwartakaké marang kowé.
Injil wis koktampani lan saiki kowé wis
padha mantep precayamu, alandhesan
Injil mau.
[2] Srana Injil mau kowé padha
dislametaké, angger enggonmu nampani
klawan mantep, kejaba menawa
enggonmu nampani tanpa pangerti.
[3] Apa sing dakwartakaké marang kowé
iki iya sing wis daktampani dhéwé. Déné
sing penting dhéwé yakuwi, Sang Kristus
wis séda krana dosa-dosa kita, kaya sing
katulis ana ing Kitab Suci;
[4] lan Panjenengané wis kasarèkaké,
lan wis kawungokaké ing telung dinané,
kaya sing katulis ana ing Kitab Suci;
[5] lan Panjenengané wis ngetingal
marang Pétrus, sawisé kuwi marang
para rasulé rolas;
[6] banjur ngetingal uga marang para
muridé luwih saka wong limang atus
bebarengan; wong-wong mau nganti
sepréné akèh sing isih padha urip, salong
iya wis padha mati.

7 Gusti Yésus mau uga ngetingal
marang Yakobus, banjur marang para
rasul kabèh.

8 Déné sing kèri dhéwé ngetingal
marang aku, senajan aku iki kaya déné
bayi sing lair keluron.

9 Aku iki rasul sing asor dhéwé lan ora
pantes disebut rasul, merga aku wis tau
nguya-uya pasamuwané Gusti Allah.

10 Nanging merga sih-rahmaté Gusti
Allah, aku dadi kaya kaananku saiki.
Lan sih-rahmat sing kaparingaké
déning Gusti Allah marang aku, ora
muspra. Awit aku wis nyambut-gawé
luwih keras ketimbang karo para rasul
liya-liyané, senajan satemené dudu saka
pamersudiku dhéwé, nanging merga
sih-rahmaté Gusti Allah sing makarya
ana ing aku.

11 Mulané embuh aku, embuh rasul
liyané sing ngabaraké Injil, kuwi ora
penting. Sing prelu dhéwé Injil sing
kokprecaya kuwi pinangkané saka Gusti
Allah.

12 Menawa kita martakaké, yèn Sang
Kristus kuwi kawungokaké saka ing
séda, kepriyé kokpanunggalanmu ana

wong sawetara sing kandha, yèn wong
mati bakal ora katangèkaké?
13 Saupama mengkono temenan,
kuwi rak ateges Sang Kristus uga ora
kawungokaké.
14 Lan yèn Sang Kristus ora
kawungokaké, rak ora ana prekara
sing prelu dakwartakaké. Mengkono
uga rak ora ana prekara sing prelu
kokprecaya.
15 Malah aku banjur padha ketitik goroh
ing ngatasé Gusti Allah, sebab aku padha
muni yèn Gusti Allah kuwi mungokaké
Sang Kristus saka ing séda, mangka
kandhané wong mau, wong mati ora
katangèkaké.
16 Sebab menawa wong mati ora
katangèkaké, mesthiné Sang Kristus rak
iya ora kawungokaké.
17 Lan yèn Sang Kristus ora
kawungokaké precayamu rak mung
gagasan sing ngayawara (khayalan)
lan kowé isih padha mati merga
dosa-dosamu.
18 Kuwi uga ateges yèn wong-wong
Kristen sing wis padha mati, kabèh wis
padha mati merga dosa-dosané.

19 Lan yèn enggon kita precaya marang
Sang Kristus mau mung kanggo urip kita
salawasé ana ing donya iki waé, kita iki
rak dadi wong sing cilaka dhéwé ana ing
jagad kéné.
20 Nanging sing bener yakuwi: Sang
Kristus wis kawungokaké saka ing séda,
lan kuwi sing dadi jaminan, yèn wong
sing wis mati iya bakal katangèkaké.
21 Sebab kaya déné pati kuwi tekané
merga saka wong siji, mengkono uga
patangèné wong mati iya merga saka
wong siji.
22 Kaya déné wong kabèh enggoné
mati merga nunggal dat karo Rama
Adam, mengkono uga manungsa kabèh
bakal katangèkaké saka ing pati merga
enggoné tetunggilan karo Sang Kristus.
23 Siji-sijiné ditangèkaké manut
gilirané: dhisik dhéwé Sang Kristus,
banjur wong-wong sing dadi kagunganė,
yakuwi mbésuk samangsa Panjenengané
rawuh menèh.
24 Sawisé kuwi, lagi kiamat. Sang
Kristus bakal nelukaké sakèhé para
penggedhé, pepréntahan, lan sakèhé
pangwasa, sarta masrahaké pangwasa

enggoné jumeneng ratu ana ing Kratoné,
marang Allah Sang Rama.
25 Awit ora kena ora Sang Kristus
mesthi ngratoni jagad iki nganti sakèhé
mungsuhé ditelukaké déning Gusti Allah
ana ing sangisoring sampéyané.
26 Déné mungsuh pungkasan sing bakal
katelukaké, yakuwi pati.
27 Awit ing Kitab Suci ana pangandika:
"Gusti Allah wis nelukaké samubarang
kabèh ana ing sangisoring sampéyané."
Tembung "samubarang kabèh"
kuwi mesthi ateges yèn Gusti Allah
piyambak ora klebu ana ing kono,
merga Panjenenganè sing nelukaké
samubarang mau marang Sang Kristus.
28 Sawisé samubarang kabèh kelakon
katelukaké marang Sang Kristus,
nuli Sang Kristus, yakuwi Sang Putra
piyambak, bakal nelukaké sariranè
piyambak marang Gusti Allah, sing wis
nelukaké samubarang kabèh marang
Sang Putra. Kaya mengkono akiré
Gusti Allah piyambak sing bakal ngasta
sakabèhing pepréntahan.
29 Yèn ora mengkono, apa paédahé
baptisé wong-wong sing padha dibaptis
merga wong mati? Sing diarep-arep apa?

Menawa wong mati ora ditangèkaké,
kaya kandhané sawenèhing wong,
yagéné wong-wong mau padha dibaptis
merga wong sing wis mati?
30 Mengkono uga aku kabèh iki, yagéné
aku sawayah-wayah padha gelem
ngadhepi bebaya?
31 Enggonku kandha mengkono mau,
merga kowé gawé mongkoging atiku
déné padha dadi wong Kristen.
32 Saupama enggonku gelut karo
kéwan-kéwan galak ana ing kutha
Éfesus mung ditimbang-timbang cara
manungsa, paédahé apa tumraping aku?
Menawa wong mati ora ditangèkaké, apa
ora luwih becik yèn kita padha muni: —
kaya uniné sawenèhing wong — "Payo
padha mangan lan ngombé, awit sésuk
kita padha mati."
33 Kowé aja kena diapusi! Pesrawungan
sing ala kuwi ngrusak kasusilanmu.
34 Pikiranmu sing waras padha
pigunakna menèh, lan marènana gawé
dosa. Kowé kudu isin, menawa aku
kandha ing antaramu ana sing durung
wanuh karo Gusti Allah.
35 Mbokmenawa ana wong takon:
"Wong mati kuwi enggoné katangèkaké

kepriyé? Lan yèn wis katangèkaké
badané kaya apa?"
36 Bodho temen kowé kuwi! Yèn kowé
nandur wiji ana ing lemah, apa wiji mau
ora kudu mati dhisik sadurungé thukul?
37 Sing koktandur ing lemah mau rak ya
mung wiji, upamané wiji gandum utawa
wiji-wiji liyané, nanging rak ora wujud
tanduran sing wis pepak.
38 Sing maringi wujud marang saben wiji
mau Gusti Allah, miturut ing sakarsané
piyambak, saben wiji kaparingan wujud
sing cocog karo wiji mau.
39 Dagingé para tumitah sing
kadunungan nyawa kuwi ora padha.
Dagingé manungsa béda karo dagingé
titah liyané. Dagingé kéwan-kéwan iya
béda-béda. Dagingé manuk béda karo
dagingé kéwan liyané, semono uga iwak
dagingé béda menèh.
40 Mengkono uga ana barang sing ana
ing langit lan ana barang sing ana ing
bumi; kamulyané barang kang ana ing
langit, béda karo kamulyané barang
kang ana ing bumi.
41 Kamulyané srengéngé béda karo
kamulyané rembulan, lan béda karo
kamulyané lintang-lintang. Malah

ing antarané lintang-lintang dhéwé
kamulyané uga béda-béda.
42 Kaya mengkono bakal kaanané wong
mati mbésuk yèn katangèkaké. Nalika
badan kakubur, badan mau nandhang
rusak, nanging mbésuk, yèn badan
katangèkaké, kaanané bakal langgeng.
43 Nalika dikubur kaanané badan mau
nistha lan ringkih, nanging yèn wis
katangèkaké, kaanané bakal éndah lan
kuwat.
44 Nalika kakubur badan mau arupa
badan wadhag, nanging sawisé
katangèkaké bakal arupa badan
kasukman. Yèn ana badan wadhag, iya
ana badan kasukman.
45 Kaya sing dingandikakaké déning
Kitab Suci: "Manungsa wiwitan Adam,
kuwi dadi titah sing urip," nanging Adam
sing wekasan dadi, Roh sing nguripaké.
46 Sing teka dhisik dudu badan
kasukman, nanging badan kedagingan;
sawisé kuwi lagi sing sipat kasukman.
47 Adam sing kawitan dumadiné saka
lemah, nanging Adam sing kapindho
asalé saka ing swarga.
48 Wong-wong kadonyan padha
karo sing asalé saka lemah mau,

nanging wong-wong kaswargan kaya
Panjenengané, sing pinangkané saka ing
swarga.
49 Kaya déné sipat kita saiki, kaya wong
sing katitahaké saka lemah, mengkono
uga mbésuk sipat kita bakal kaya
Panjenengané sing pinangkané saka ing
swarga mau.
50 Sing dakkarepaké mengkéné, para
sedulur, yakuwi badan kita sing sipat
daging lan getih iki ora bisa mèlu urip
ana ing Kratoné Gusti Allah, lan titah
sing kena ing rusak iki ora bisa duwé
sipat langgeng.
51 Wewadi sing dakkandhakaké
marang kowé iki setitèkna: Kita ora
kabèh bakal ngalami mati, nanging
samangsa slomprèt sing wekasan dhéwé
diunèkaké, kita sanalika bakal padha
malih.
52 Awit samangsa slomprèt mau muni,
wong mati bakal padha katangèkaké
nganggo kaanan sing langgeng, lan kita
kabèh bakal padha malih.
53 Awit apa sing kena ing rusak mau
bakal salin wujud, sing asipat langgeng;
lan sing bisa mati bakal ngrasuk sipat
sing ora bisa mati.

54 Lan yèn samubarang sing kena ing
rusak mau wis ngrasuk sipat langgeng,
lan apa sing bakal mati kuwi wis ngrasuk
sipat ora kena ing pati, ing kono bakal
kelakon pangandikané Kitab Suci sing
mengkéné: "Pati wis ditelukaké, lan
kaunggulané ing ngatasé pati wis
sampurna."
55 "Hèh pati, ana ing ngendi
kaunggulanmu? Hèh pati, ana ing
ngendi ampuhing wisamu?"
56 Wisaning pati kuwi dosa, lan sing
mènèhi kekuwatan marang dosa kuwi
Torèt.
57 Nanging puji sokur konjuk marang
Gusti Allah, sing wis maringi kaunggulan
marang kita lantaran Yésus Kristus,
Gusti kita!
58 Mulané para sedulurku, kowé
padha sing mantep lan padha sing
teguh. Padha tansah sregepa nglakoni
ayahan peparingé Gusti Yésus, sebab
kowé ngerti yèn pegawéanmu kuwi
babar-pisan ora muspra.

16 1 Saiki bab sumbangsih arupa
dhuwit sing manut layangmu
arep kanggo mitulungi umaté Gusti
Allah sing ana ing Yudéa: Kowé padha

nindakna kaya pamrayogaku marang
pasamuwan-pasamuwan ing tanah
Galatia.
2 Saben dina Minggu padha nyisihna
dhuwit manut saduwéné. Padha
klumpukna, supaya samangsa aku
mbésuk teka, kowé ora prelu kesusu-
susu nglumpukaké dhuwit mau.
3 Mbésuk satekaku, aku bakal akon
wong-wong sing kokprecaya, nganggo
dakgawani layang, supaya ngeteraké
sumbangsihmu mau menyang kutha
Yérusalèm.
4 Yèn aku prelu mèlu mangkat, iya
kena; karebèn wong-wong mau mangkat
bareng karo aku.
5 Enggonku arep niliki kowé, mbésuk
yèn aku wis saka Makédonia, sebab aku
kepéngin ndlajahi tanah kono.
6 Aku bakal mréné lan manggon
sawetara lawasé ana ing satengahmu,
bisa uga sajroné mangsa bedhidhing.
Sawisé kuwi kowé bisa mbiyantu aku
nerusaké lakuku.
7 Yèn Gusti marengaké, aku kepéngin
manggon sawetara suwé ana ing
satengahmu, supaya enggonku mréné
ora mung kaya wong mampir waé.

8 Aku kepéngin ana ing kutha Éfesus
kéné nganti Riaya Péntakosta,
9 awit aku olèh wewengan lan wektu
akèh kanggo ngabaraké Injil, senajan
wong sing padha nglawan iya akèh.
10 Menawa Timotius teka mréné,
padha tampanana, awit dhèwèké uga
nyambut-gawé kagem Gusti, kaya aku.
11 Aja ana wong sing nyepèlèkaké
dhèwèké, malah biyantunen, supaya
bisa nerusaké lakuné, sarta bali menèh
menyang panggonanku; sebab aku
ngarep-arep Timotius bali mréné
bebarengan karo para sedulur liyané.
12 Déné mungguh sedulur Apolos, wis
kerep aku ngatag-atag dhèwèké, supaya
niliki kowé, bareng karo sedulur-sedulur
liyané. Nanging ing wektu iki, sedulur
Apolos mau durung bisa mréné.
13 Wusana, padha jumagaa. Padha
dibakuh ing pengandel! Padha dikendel
lan disantosa,
14 lan pegawéanmu kabèh lakonana
kanthi katresnan.
15 Kowé mesthiné wis padha ngerti yèn
Stéfanus lan brayaté, klebu wong-wong
kawitan ing Akhaya sing mratobat lan

nglakoni ayahan kagem Gusti Yésus.
Penjalukku marang kowé para sedulur,
16 padha manut mituruta marang
wong-wong sing kaya mengkono mau,
lan iya marang sapa waé sing padha
mbiyantu lan mèlu nglakoni rekasa karo
wong-wong mau.
17 Aku bungah déné Stéfanus,
Fortunatus lan Akhaikus wis padha tekan
kéné niliki aku. Awit wong-wong kuwi
dakanggep minangka gantimu.
18 Sedulur-sedulur mau gawé
bungahing atiku, kaya déné enggoné
gawé bungahing atimu. Wong-wong sing
kaya mengkono mau padha ajènana.
19 Para pasamuwan ing tanah Asia
kabèh kirim salam marang kowé.
Akwila lan Priskila, lan pasamuwan
sing kumpulan ana ing omahé, uga
padha kirim salam paseduluran ing
patunggilané Gusti.
20 Sedulur-sedulur kabèh ing kéné
padha kirim salam marang kowé. Siji
lan sijiné padha awèha salam, kanthi
pengambung suci.
21 Lan layang iki daktulis dhéwé: Salam
saka aku, Paulus.

22 Sing sapa ora tresna marang Gusti
Yésus, kenaa paukuman déning Gusti
Allah. Maranata — Gusti mugi énggal
rawuh!
23 Sih-rahmaté Gusti Yésus dumununga
ana ing kowé kabèh.
24 Tresnaku marang kowé sumrambaha
ing kowé kabèh ing patunggilané Sang
Kristus Yésus. Saka aku sekloron, Paulus
lan Sostenès

2 Korintus

1 1 Layang saka Paulus, sing saka
kersané Allah katimbalan dadi rasulé
Gusti Yésus; lan saka sedulur kita
Timotius, tumekaa marang pasamuwané
Allah ing kutha Korintus, lan marang
sakèhé umaté Allah ing satanah Akhaya
kabèh.
2 Muga-muga Gusti Allah, Rama kita lan
Gusti Yésus Kristus maringi sih-rahmat
lan katentreman marang kowé.
3 Ayo padha saos panuwun marang
Gusti Allah, Ramané Gusti Yésus Kristus,
Rama kang gedhé sih-piwelasé, lan Allah
kang dadi sumbering sakèhé pitulungan!
4 Panjenenganė ngentas kita saka
sarupaning kasusahan, supaya srana
pitulungan sing saka Gusti Allah mau,
kita uga bisa nyantosakaké atiné
wong-wong sing padha nandhang
kasusahan.
5 Kaya déné enggon kita mèlu nandhang
sangsarané Sang Kristus, mengkono uga
lantaran Sang Kristus, ati kita padha
disantosakaké kang luwih banget.

6 Enggonku padha nandhang kasusahan
kuwi satemené kanggo nyantosakaké
batinmu murih keslametanmu. Yèn
aku padha disantosakaké, kowé uga
padha mèlu disantosakaké lan diparingi
kekuwatan, supaya bisa tahan nandhang
sangsara kaya sing dakalami.
7 Mulané pengarep-arepku marang
kowé tetep panggah, jalaran aku
padha ngerti yèn kowé wis padha mèlu
nandhang sangsara karo aku, mulané
kowé bakal padha nampani sentosaning
batin kaya sing diparingaké marang aku
kabèh.
8 Para sedulur, karepku supaya kowé
uga padha ngerti bab kasusahan sing
padha dakalami ana ing wilayah Asia.
Aku padha nandhang sangsara sing
gedhé lan abot banget, nganti ora duwé
pengarep-arep yèn bakal urip.
9 Malah saka rumangsaku aku wis padha
kapatrapan paukuman pati. Kabèh mau
satemené supaya aku aja padha
ngendelaké marang awakku dhéwé,
nanging mung ngendelna marang Gusti
Allah, sing kwasa nangèkaké wong mati.
10 Panjenenganė wis nguwalaké
aku kabèh saka bebaya pati sing

nggegirisi mau. Lan aku padha yakin,
yèn Panjenengané mbésuk iya bakal
nguwalaké menèh, awit Panjenengané
sing padha dakandelaké.
11 Mulané kowé padha mbiyantua
klawan pandonga. Aku yakin yèn Gusti
Allah nyembadani pandongamu, sarta
bakal nguwalaké aku kabèh saka
bebaya. Akèh pandonga kanggo aku
kabèh sing dikabulaké, lan aku bakal
padha diberkahi déning Panjenengané.
Mulané akèh wong sing padha saos
panuwun marang Gusti Allah, merga
pandonga-pandongané sing dikabulaké
mau.
12 Sing ndadèkaké gedhéning atiku,
yakuwi swaraning batinku, sing
ngyakinaké aku, yèn uripku ing donya
iki dierèh déning ati sing resik lan éklas,
peparingé Allah, srana pangwasané
sih-rahmaté piyambak, lan ora déning
kawicaksanané manungsa, luwih-luwih
sing magepokan karo pesrawunganku
karo kowé.
13 Sing daktulis marang kowé iki
mung bab-bab sing bisa kokwaca lan
kokngertèni. Pangertimu mau saiki
durung ganep; nanging banget ing

pengarep-arepku, pangertimu mau dadi
sampurna,
14 supaya mbésuk ing Dina rawuhé
Gusti Yésus, kowé padha mongkog atimu
merga saka aku, kaya déné aku iya
padha mongkog ing ngatasé kowé.
15 Semono gedhéning keyakinanku,
nganti wiwit-wiwitan mula aku wis
ngrancang arep niliki kowé, supaya kowé
padha olèh berkah tikel loro.
16 Rancangan enggonku arep niliki
kowé mau mbésuk yèn aku mangkat
menyang tanah Makédonia lan mampir
saulihku saka ing kana. Aku kepéngin
kokbiyantu supaya aku bisa nerusaké
lakuku menyang tanah Yudéa.
17 Nanging rancanganku iki
dakbatalaké; ora merga pikiranku
gampang molah-malih. Utawa ora merga
aku kepéngin nuruti karepku dhéwé,
nganti sedhéla muni "Ya" lan sedhéla
menèh muni "Ora?"
18 Demi Allah kang setya tuhu, janjiku
karo kowé biyèn dudu "Ya" utawa "Ora".
19 Sebab Gusti Yésus Kristus, Putrané
Allah, sing diwartakaké marang kowé
déning Silas, Timotius lan aku dhéwé,
kuwi dudu "Ya" lan "Ora". Nanging

wangsulan "Ya" sing dingandikakaké
déning Gusti Allah.
20 Lantaran Gusti Yésus mau Gusti Allah
wis ngandika "Iya" tumrap sakèhing
janjiné! Yakuwi sebabé kita padha muni
"Amin" krana Gusti Yésus Kristus. Srana
mengkono kita padha ngluhuraké Gusti
Allah.
21 Gusti Allah piyambak sing ngyakinaké
kowé lan aku, yèn urip kita iki
katunggilaké karo Sang Kristus. Gusti
Allah piyambak sing wis milih kita.
22 Lan maringi cap minangka pretandha
yèn kita dadi kagungané. Panjenengané
wis maringaké Sang Roh Suci ana ing
ati kita, minangka panjer tumraping
berkah-berkah sing bakal diparingaké
marang kita.
23 Gusti Allah dadi seksiku;
Panjenengané pirsa isining atiku!
Enggonku mbatalaké rancanganku niliki
kowé ing Korintus, kuwi merga aku
ngéman karo kowé.
24 Aku ora arep meksa kowé bab sing
kudu kokprecaya, awit precayamu wis
bakuh. Aku mung kepéngin mbiyantu
supaya kowé saya rumangsa begja.

2 1 Mulané aku wis gawé putusan, ora
arep niliki kowé sing malah gawé
sedhihmu.
2 Sebab yèn aku nganti gawé sedhihmu,
sapa sing bakal nglipur aku? Apa dudu
wong-wong sing wis dakgawé sedhih
mau?
3 Mulané aku banjur nulis layang iki
marang kowé. Aku emoh nekani kowé
lan digawé sedhih déning wong-wong
sing mesthiné gawé bungahku. Sebab
aku ngerti yèn aku bungah, kowé kabèh
iya bakal padha bungah.
4 Nalika aku nulis layang iki, atiku
sedhih, awang-awangen, lan karo
bola-bali nètèsaké luh. Enggonku
kandha mengkono mau ora merga aku
arep gawé sedhihmu, nanging supaya
kowé padha ngerti sepira gedhéning
katresnanku marang kowé.
5 Menawa ana wong sing gawé sedhih,
kuwi dudu aku sing digawé sedhih,
nanging kowé kabèh; utawa saora-orané
— supaya aku ora mbanget-mbangetaké
— sapérangan saka ing antaramu.
6 Kanggoné wong mau wis cukup yèn
wong akèh ing antaramu sing ngélikaké.

7 Wong kuwi padha apuranen lan
bombongen menèh, supaya aja nganti
semplah.
8 Penjalukku, kowé padha nuduhna
katresnanmu marang wong sing
keluputan mau.
9 Enggonku nulis layang iki marang
kowé, merga aku kepéngin ngerti,
kepriyé kaananmu sajroning pendadaran
mau lan apa kowé tansah nindakaké
kanthi setya prenatan-prenatan sing
dakwènèhaké marang kowé.
10 Yèn kowé padha ngapura wong sing
keluputan, aku iya ngapura wong mau.
Sebab yèn aku ngapura — saupama ana
sing kudu dakapura — aku ngapura wong
mau ana ing ngarsané Sang Kristus,
murih becikmu,
11 supaya Iblis aja olèh wewengan gawé
rugi kita, sebab kita rak padha ngerti
pokal-gawéné.
12 Satekaku ing kutha Troas, aku arep
martakaké Injilé Sang Kristus, awit Gusti
wis maringi wewengan marang aku
kanggo nindakaké pegawéan mau.
13 Nanging atiku ora kepénak, jalaran
ora bisa ketemu karo sedulur Titus.

Mulané aku banjur pamitan lan mangkat
menyang kutha Makédonia.
14 Nanging atur panuwunku marang
Gusti Allah, déné ana ing patunggilané
Sang Kristus, Gusti Allah tansah
nuntun aku kabèh ana ing dalaning
kaunggulané. Gusti Allah wis ngagem
aku kabèh martakaké kawruh bab Sang
Kristus mau kaya déné ganda wangi,
sing sumebar ana ing ngendi-endi.
15 Aku padha kaya gandaning dupa sing
diobong déning Sang Kristus sumaos
marang Gusti Allah, gandané sumebar
ana ing antarané wong sing padha
dislametaké,
16 nanging tumraping wong sing
bakal nemu tiwas, aku iki padha kaya
gandaning pati, sing gawé tiwas.
Satemené sapa sing bisa nglakoni
ayahan sing kaya mengkono kuwi?
17 Aku ora kaya wong-wong sing padha
sembrana, sing nganggep pangandikané
Allah mau padha karo barang dagangan
murah. Sarèhné aku diutus déning Gusti
Allah piyambak, dadi tumindakku iki
klawan ati sing tulus. Panjenengané
pirsa, yèn olèhku martakaké pangandika

mau kaya déné para abdiné Sang
Kristus.

3 1 Apa sing mengkono mau aku iya
ngalem marang awakku dhéwé?
Apa prelu nganggo nuduhaké layang
pangalembana marang kowé utawa saka
kowé, kaya wong-wong liyané?
2 Kowé dhéwé kuwi wujudé layang
pangalembanaku sing dakgawa, yakuwi
layang sing katulis ana ing atiku, supaya
diweruhi lan diwaca déning saben wong.
3 Wis cetha yèn Sang Kristus piyambak
sing nulis layang mau lan ngirimaké
lantaran aku: dudu layang sing ditulis
nganggo mangsi, nanging nganggo
Rohé Allah kang gesang; ora ana ing
watu, nanging ana ing sajroning atiné
manungsa.
4 Enggonku muni mengkono kuwi
merga aku ngandel marang Gusti Allah,
lantaran Sang Kristus.
5 Sebab tumraping aku, ora ana
barang siji waé ing badanku, sing kena
dakenggo dhasar nglakoni penggawé
sing mengkono mau. Enggonku bisa
nindakaké apa-apa iku mung merga
saka pakaryané Gusti Allah.

6 Iya Panjenengané sing marengaké
aku dadi peladosing prejanjian anyar,
sing ora wujud angger-angger[a] sing
katulis, nanging saka Rohé Allah. Sebab
angger-angger sing ditulis kuwi matèni,
nanging Rohé Allah nguripi.
7 Nalika angger-angger sing matèni mau
ditatah ana ing watu, kamulyané Gusti
Allah diketingalaké. Senajan cahyaning
kamulyan sing ana ing pasuryané Nabi
Musa kuwi dhèk semana wis luntur,
éwasemono merga cahya mau umat
Israèl ora kuwat nyawang pasuryané
Nabi Musa. Yèn angger-angger, sing
mung nggawa pepati waé diparingi
kamulyan sing semono gedhéné,
8 iba gedhéning cahya kamulyaning
pakaryané Roh Suci!
9 Yèn prejanjian sing njalari manungsa
diukum waé kamulyané semono
gedhéné, méndahané menèh gedhéning
kamulyané prejanjian sing njalari
manungsa kabeneraké.
10 Satemené sing biyèn kaanggep luhur,
kuwi dudu apa-apa, yèn katandhing karo
kamulyan sing luwih luhur saiki iki.

---

[a]angger-angger: Pangentasan 20:1-17 ugi dipun wastani Torèt.

11 Awit yèn barang sing bisa sirna
waé dikanthèni kamulyan, apa menèh
barang sing langgeng, saiba gedhéné
kamulyané.
12 Iya pengarep-arep sing mengkono
kuwi sing marakaké aku padha dadi
kendel.
13 Aku kabèh iki ora kaya Nabi Musa,
sing nutupi pasuryané, supaya umat
Israèl ora weruh sirnaning kamulyan
mau.
14 Pikirané umat kuwi pancèn wis dadi
kethul, sebab nganti sepréné pikirané
isih tetep ketutupan, yakuwi samangsa
wong-wong mau padha maca kitab-kitab
Prejanjian Lawas. Amarga mung Sang
Kristus piyambak kang bisa ngicali tutup
mau.
15 Tekan sepréné, yèn wong-wong mau
padha maca Torèté Nabi Musa, pikirané
tetep padha ketutupan.
16 Nanging wong kang mratobat marang
Gusti, iku tutupé nuli kasingkiraké.
17 Tembung "Gusti" ing kéné tegesé
Rohé Gusti Yésus Kristus. Lan ing ngendi
ana Rohé Sang Kristus mau, ing kono
mesthi ana kamerdikan.

18 Kita saiki padha nyunaraké
kamulyané Gusti Yésus tanpa ketutupan.
Sarèhné kamulyan mau asalé saka Gusti,
kang asipat Roh, mulané kita padha
kasalinan rupa, madhani pasemoné
Gusti piyambak, klawan kamulyan kang
mundhak-mundhak.

4 1 Aku ora padha cilik ati, sebab
tansah dipitulungi déning Gusti Allah,
sing maringi ayahanku iki marga saka
sih-piwelasé.
2 Mulané aku padha emoh nglakoni
sakèhing penggawé sing slingkuh lan
sing nistha. Aku padha ora ngapusi
utawa malsu pangandikané Gusti Allah.
Aku padha terang-terangan ngabaraké
apa sing dadi kersané Gusti Allah.
Mula ana ing ngarsané Gusti Allah
aku masrahaké badanku supaya diadili
manut pemawasé wong kabèh.
3 Yèn Injil sing dakwartakaké iki
ketutupan utawa kurang cetha, kuwi
mung tumrap wong-wong sing padha
nemu tiwas.
4 Wong-wong mau padha ora precaya,
merga pikirané digawé peteng déning
Iblis, yakuwi penggedhéné kadursilan
sing ngwasani jagad iki. Wong-wong

mau padha dialang-alangi déning Iblis, supaya aja padha weruh pepadhang, sing sumunar saka Injil, sing medharaké kamulyané Sang Kristus; sebab Sang Kristus kuwi gambaré Gusti Allah sing sanyata.
5 Aku padha ora martakaké bab awakku dhéwé. Sing padha dakwartakaké kuwi Gusti Yésus Kristus, sing jumeneng Gusti, lan aku iki padha dadi abdimu saka kersané Gusti Yésus.
6 Awit Gusti Allah ngandika: "Saka ing pepeteng bakal ana pepadhang kang sumunar!,"[b] iya Gusti Allah sing nyunaraké pepadhang mau ana ing sajroning ati kita, madhangi pikiran kita dadi ngerti bab kamulyané Allah, sing sumunar saka wedanané[c] Sang Kristus.
7 Nanging aku sing padha nduwèni raja-brana karohanèn kuwi, kaya déné grabah sing digawé saka lempung; dadi tetéla yèn pangwasa sing ngédab-édabi mau asalé saka Gusti Allah, ora saka aku.

---

[b]sumunar: sumorot; pepadhang kang sumunar (Kej 1:3).
[c]wedana: rai.

8 Aku padha kerep disiksa, nanging ora
remuk. Kerep mangu-mangu, nanging
ora tau semplah.
9 Mungsuhku akèh, nanging mitra-
mitraku ora sethithik. Lan senajan
ana kalané aku padha tatu nganti
mbebayani, nanging aku ora nganti mati.
10 Sédané Gusti Yésus kuwi tansah
katon ana ing badan kamanungsanku,
supaya wunguné Sang Kristus iya katona
ana ing awakku.
11 Selawasé urip, aku tansah padha
diancam déning pati merga Gusti Yésus,
supaya wunguné Gusti Yésus katona ana
ing badan kamanungsanku.
12 Kuwi ateges yèn dayané si pati
tansah masésa ana ing badanku,
nanging dayané si urip nyambut-gawé
ana ing kowé.
13 Ing Kitab Suci ana pangandika: "Aku
precaya, mulané aku bisa kandha."
Kanthi pengandel sing mengkono mau,
aku iya bisa muni: "Aku bisa kandha,
sebab aku wis precaya."
14 Aku ngerti yèn Gusti Allah, sing
wis mungokaké Gusti Yésus, uga
bakal nangèkaké kita bebarengan karo

Panjenenganė, sarta ngirid kita kabèh
sowan ana ing ngarsané.
15 Kelakoné kuwi kabèh murih becikmu.
Saya akèh wong sing padha nampani
sih-rahmaté Allah, uga saya akèh puji
sokur sing kasaosaké déning wong-wong
mau kagem kaluhuranė Allah.
16 Kuwi sebabé aku padha ora tau
semplah. Senajan badan wadhag kita
saya rusak, nanging kasukman kita
saben dina kaanyaraké.
17 Kasangsaran sing padha daklakoni
iki, ora sepiraa lan mung kanggo
sawetara mangsa waé, kuwi bakal njalari
aku padha olèh kamulyan gedhé banget
sing langgeng ngungkuli kasangsaran
sing daksandhang mau.
18 Sebab sing dakgatèkaké dudu
barang-barang sing katon, nanging
prekara-prekara sing ora katon. Awit apa
sing katon kuwi ananė mung sawetara
mangsa, nanging prekara-prekara sing
ora katon, kuwi langgeng ing selawasé.
5 1 Awit kita padha ngerti, yèn
samangsa tarub sing kita enggoni
saiki — yakuwi badan wadhag kita sing
ana ing donya iki — dibongkar, kita wis
padha duwé omah ana ing swarga; omah

sing diyasa déning Gusti Allah piyambak
lan kanggo selawasé.
2 Saiki kita padha nggresah, lan padha
kepéngin énggala manggon ing omah
sing ana ing swarga mau.
3 Awit yèn wis manggon ing kana, kita
bakal rumangsa olèh pengayoman.
4 Sebab selawasé kita manggon ana
ing kémah kadonyan iki, kita padha
nggresah merga aboting momotan kita.
Ora kokmerga kita kepéngin ninggal
badan sing ana ing donya iki, nanging
luwih seneng saupama kita diparingana
badan kaswargan, supaya badan sing
kena ing pati iki disalinana badan sing
urip langgeng.
5 Gusti Allah sing mrenata kuwi mau
kabèh, lan Panjenenganė piyambak
wis maringaké Rohé marang kita,
minangka panjering samubarang sing
wis kacadhangaké marang kita.
6 Mulané atiku tansah padha tatag,
senajan aku padha ngerti yèn selawasé
aku isih padha manggon ana ing badan
wadhag iki, aku isih adoh saka dalemé
Gusti.
7 Merga urip kita alandhesan precaya,
ora alandhesan barang sing katon,

8 mulané atiku padha tatag, lan aku
luwih seneng ninggal badan iki, supaya
bisa manggon bebarengan karo Gusti.
9 Éwasemono sing penting yakuwi bab
kepriyé bisaku gawé renané penggalihé
Gusti, dadia ana ing omahku saiki,
badanku wadhag iki, dadia ana ing
omahku kaswargan.
10 Awit ora kena ora, kita kabèh mesthi
bakal padha ngadhep ana ing ngarsané
dhampar pengadilané Sang Kristus,
lan saben wong bakal diadili manut
penggawéné dhéwé-dhéwé, sing wis
padha dilakoni sajroning uripé ana ing
donya kéné, dadia penggawé sing becik,
dadia penggawé sing ala.
11 Aku padha ngerti apa tegesé wedi
marang Gusti Allah, mulané aku padha
mituturi wong-wong, supaya precaya
marang Panjenengané. Gusti Allah pirsa
sakèhing kaananku! Muga-muga kowé
uga ngerti krenteging atiku iki.
12 Aku ora arep ngalem awakku dhéwé
ana ing ngarepmu. Malah aku mung arep
awèh ketrangan sing becik, sing kena
kokanggep dhasar enggonmu mongkog
tumraping aku. Srana mengkono kowé
bisa awèh wangsulan marang wong-

wong sing padha ngegung-egungaké
manungsa manut gebyaré, ora manut
tata-kasukmané.
13 Yèn aku katoné padha kaya wong
sing ora waras, kuwi merga aku padha
nindakaké ayahané Gusti Allah. Lan
yèn aku katoné kaya wong waras, kuwi
merga krana kowé.
14 Urip kita iki dikwasani déning sihé
Sang Kristus, yakuwi samangsa kita
ngakoni, yèn wong siji wis mati kanggo
wong akèh, dadiné wong kabèh mau wis
mèlu mati ana ing Panjenengané.
15 Sang Kristus séda kanggo manungsa
kabèh, supaya saben wong sing padha
urip, uripé ora lumadi marang awaké
dhéwé, nanging lumadia marang
Panjenengané kang wis séda lan wis
kawungokaké kanggo kepentingané
wong-wong mau.
16 Mulané saiki kita ora ngukur wong
manut panemuné manungsa. Senajan
dhèk biyèn kita mawas Sang Kristus
manut panemuné manungsa, nanging
saiki wis ora mengkono.
17 Sing sapa nunggal karo Sang Kristus,
wong mau wis dadi titah anyar, sing
lawas wis sirna, sing anyar tuwuh.

18 Kabèh mau pakaryané Allah lantaran
Sang Kristus. Gusti Allah wis ngrukunaké
kita, para mungsuhé, karo Panjenengané
piyambak, kadadèkaké para mitrané.
Lan Gusti Allah mau uga maringi ayahan
marang aku kabèh, supaya wong-wong
liyané uga kadadèkaké mitrané Allah.
19 Pawarta sing padha dakwartakaké
yakuwi bab enggoné Gusti Allah wis
ngrukunaké para manungsa karo
Panjenenganè piyambak lantaran
Sang Kristus, tanpa ngétang paneraké
manungsa. Panjenenganè mitayakaké
pawarta karukunan mau marang aku
kabèh.
20 Kuwi sebabé aku padha dadi utusané
Sang Kristus, kaya-kaya Gusti Allah
piyambak ngandikani kowé lantaran
aku. Atas asmané Sang Kristus kowé
padha dakatag-atag: Padha gelema
karukunaké karo Gusti Allah.
21 Sang Kristus sing tanpa dosa, wis
didadèkaké dosa merga kita, supaya
srana nunggal karo Sang Kristus, kita
padha karukunaké karo Gusti Allah.

6 1 Merga saka kuwi sajroné tumindak
bebarengan karo Gusti Allah, aku
padha ngatag-atag marang kowé:

Supaya sih-rahmaté Allah sing wis
koktampa kuwi, aja kokbuwang muspra.
2 Sebab Gusti Allah ngandika ana ing
Kitab Suci mengkéné: "Ing wektu sing
Dakkersakaké, Aku wis miyarsakaké
pesambatmu, lan ing dinané keslametan,
Aku wis mitulungi kowé." Rungokna,
saiki iki wektu sing dikersakaké déning
Gusti Allah, lan saiki dinané keslametan.
3 Aku padha ngudi supaya aja ana wong
siji waé sing nemokaké keluputanku ing
ayahan sing daklakoni. Awit aku padha
emoh gawé sandhungané sapa waé.
4 Malah ing samubarang prekara
sing daklakoni, nélakna yèn aku iki
para abdiné Gusti Allah. Sarupaning
kasusahanku daklakoni kanthi sabar.
5 Aku wis padha digebugi, dikunjara,
lan dikroyok. Aku wis ngalami nyambut-
gawé tanpa ngétung sayah, kurang turu,
malah sok ora duwé pangan.
6 Enggonku nélakaké yèn aku iki padha
dadi abdiné Gusti Allah, srana urip
sing becik, wicaksana, sabar, srana
ulat sumèh, srana gumantung marang
pitulungané Sang Roh Suci, srana
katresnan sing tulus,

7 srana martakaké kersané Allah, lan
srana pangwaosé, aku padha nélakaké
enggonku padha dadi abdiné Gusti Allah.
Aku padha migunakaké kayektèn kanggo
gaman ampuh lan iya kanggo nangkis.
8 Aku padha ngalami diaji-aji lan
iya diasoraké. Senajan aku jujur,
éwasemono didakwa tukang apus-apus.
9 Aku padha diarani wong sing ora
kajuwara, nanging wong akèh padha
kenal karo aku. Aku padha dikira mati,
nanging kowé weruh dhéwé yèn aku
padha urip. Senajan aku padha dianiaya,
nanging aku padha ora mati.
10 Senajan aku padha digawé sedhih,
nanging aku padha tansah bungah waé.
Katoné aku padha mlarat, nanging aku
padha wis marakaké wong akèh dadi
sugih. Katoné aku padha kaya ora duwé
apa-apa, nanging satemené aku padha
duwé apa waé.
11 Para mitraku ing kutha Korintus! Aku
wis padha kandha kanthi blak-blakan
karo kowé. Aku wis padha ngetokaké
sakèhing uneg-uneging atiku.
12 Menawa ana rasa sing ora kepénak
sajroning pesrawunganmu karo aku,
kuwi merga salahmu dhéwé.

13 Enggonku padha mituturi kowé
kuwi merga kowé dakrengkuh kaya
anak-anakku dhéwé. Padha nglairna
rasaning atimu marang aku, kaya
enggonku wis nglairaké rasaning atiku
marang kowé!
14 Aja padha sekuthon karo wong sing
ora precaya, kuwi ora samesthiné, mokal
yèn bisa. Kepriyé bisané wong sing
nindakaké dhawuhé Allah rerukunan
karo wong sing nglawan Panjenengané?
Pepadhang apa bisa bebarengan karo
pepeteng?
15 Sang Kristus apa bisa sarujuk karo
Iblis? Apa ana prekara sing padha
antarané wong Kristen karo wong sing
dudu Kristen?
16 Apa gandhèngé Pedalemané Allah
karo brahala? Mangka kita iki rak
Pedalemané Allah kang gesang.
Panjenengané piyambak wis ngandika:
"Aku bakal dedalem bebarengan karo
wong-wong kuwi, lan tetunggilan karo
wong-wong mau; Aku bakal dadi Allahé,
wong-wong mau bakal padha dadi
umat-Ku.
17 Mulané: Kowé padha sumingkira saka
wong-wong sing ora wanuh karo Gusti

Allah kuwi, lan kowé padha misaha,
mengkono pangandikané Pangéran,
lan aja padha gepok-sénggol karo
samubarang sing najis, nuli kowé bakal
padha Daktampani.
18 Lan Aku bakal dadi Ramamu, sarta
kowé bakal padha dadi putra-Ku lanang
lan wadon. Mengkono pangandikané
Pangéran Kang Mahakwasa."
7 1 Sarèhné kita kaparingan janji-janji
sing mengkono mau déning Gusti
Allah, mulané para sedulurku, ayo kita
padha nucèkaké urip kita saka sakèhing
prekara sing gawé jembering badan
lan roh kita, srana wedi asih marang
Gusti Allah lan nglakoni apa sing gawé
renaning penggalihé.
2 Aku padha wènèhana papan ana
ing atimu. Aku ora tau keluputan karo
sapa-sapa, ora tau gawé pitunané sapa
waé, lan uga ora ngasil-asil marang
wong.
3 Enggonku muni mengkono mau ora
merga aku arep nyalahaké kowé. Ora!
Aku malah tau muni, yèn tresnaku
marang kowé kuwi kaya marang mitra
sejati.

4 Aku precaya banget karo kowé, lan
iya kowé sing gawé mongkoging atiku.
Senajan aku padha ngalami kasusahan
akèh, nanging merga saka kowé atiku
tansah kebak kabungahan.
5 Satekaku ing tanah Makédonia, aku
padha ora bisa tentrem. Ana ing ngendi
waé, aku padha nemu kasusahan: ing
njaba ngadhepi wong-wong sing ngajak
padu, ing njero ati dhéwé was-was.
6 Nanging sukur déné Gusti Allah tansah
mbombong atiné wong sing semplah,
uga wis gawé lejaring atiku, srana
tekané Titus.
7 Ora mung tekané Titus waé sing
gawé lejaring atiku, nanging apa sing
dicritakaké déning Titus mungguh ing
kowé, yakuwi enggoné rumangsa kalipur
merga kowé kabèh. Titus crita yèn kowé
padha kangen, kepéngin ketemu karo
aku; kowé padha getun, lan saiki padha
kepéngin mbélani aku. Kuwi kabèh saya
muwuhi bungahing atiku.
8 Senajan layangku wis gawé susahé
atimu, éwasemono aku ora gela déné
wis nulis layang mau. Mesthi waé aku
iya gela, merga layang mau wis gawé

sedhihing atimu, nanging gelaku ora
sepiraa.
9 Saiki aku bungah, ora merga
enggonku wis gawé sedhihmu, nanging
merga sedhihmu wis njalari kowé
padha mratobat. Sedhihmu wis diagem
déning Gusti Allah. Dadi aku ora gawé
kapitunanmu.
10 Awit sedhih sing diagem déning Gusti
Allah njalari pamratobat, sing nuntun
marang keslametan. Tumrap prekara
sing mengkono, kita ora prelu getun!
Kosokbaliné, sedhih sing sipat kadonyan,
kuwi sing njalari pati.
11 Delengen saiki, apa sing wis
katindakaké déning Gusti Allah srana
sedhihmu mau: Saiki kowé rak dadi saya
mempeng temenan ing bab enggonmu
arep nélakaké yèn kowé ora salah. Saiki
katon enggonmu sengit karo barang
sing salah, katon enggonmu wedi,
enggonmu ulah katresnan, enggonmu
sregep, enggonmu gelem ngélikaké
penggawé-penggawé sing salah! Kuwi
mau kabèh wis nélakaké yèn tindakmu
bener.
12 Senajan aku wis nulis layang,
nanging enggonku nulis mau ora mung

merga wong sing padha salah waé,
utawa merga wong sing disalahaké,
nanging supaya ana ing ngarsané Gusti
Allah aku bisaa nglairaké marang kowé,
sepira gedhéné prihatinmu tumrap ing
aku kabèh.
13 Yakuwi sing dadi panglipuring
atiku. Kejaba saka panglipur mau,
aku uga bungah, luwih-luwih merga
kabungahané Titus, bab enggonmu
padha mbombong atiné.
14 Biyèn kowé dakalem ana ing ngarepé
Titus, sukur déné kowé ora nguciwani,
lan ora gawé isinku. Aku selawasé
kandha sing sabeneré marang kowé;
mengkono uga apa sing dakkandhakaké
marang Titus, adhapur pengalem
tumraping kowé, kuwi kabèh ana
nyatané.
15 Katresnané Titus marang kowé saiki
saya mundhak gedhé, merga ngerti
enggonmu mbangun-turut marang
sakèhing prenatané, lan enggonmu
padha nampani tekané klawan wedi lan
geter.
16 Aku rumangsa begja banget, déné
kowé bisa dakandelaké ing samubarang
prekara.

8 [1] Para sedulur, karepku kowé
padha ngertia bab pakaryaning
sih-rahmaté Allah ana ing antarané
pasamuwan-pasamuwan ing tanah
Makédonia.
[2] Pasamuwan-pasamuwan mau wis
ngalami pendadaran sing abot banget,
srana nandhang kasusahan werna-
werna. Senajan miskin, nanging sarèhné
rumangsa olèh kabegjan sing gedhé,
pasamuwan-pasamuwan mau enggoné
dedana ora sethithik.
[3] Aku neksèni yèn wong-wong wis
padha wèwèh manut kekuwatané, malah
luwih saka kuwi, lan enggoné wèwèh
mau klawan sukalila. Metu saka karepé
dhéwé,
[4] enggoné wong-wong mau padha
nggujeg marang aku supaya olèh
mbiyantu umaté Allah, sing ana ing
Yudéa.
[5] Kuwi kabèh ora saka karepku!
Wiwitané, wong-wong mau padha
masrahaké uripé marang Gusti, nuli saka
kersané Allah banjur iya pasrah marang
aku kabèh.

6 Mulané aku wis ngatag-atag marang
Titus, supaya nerusaké ayahané mau,
sebab Titus kuwi sing mauné miwiti.
7 Kowé padha becik banget ing bab
precayamu, micaramu, kawruhmu,
enggonmu dhemen awèh pitulungan,
katresnanmu marang aku. Mulané
tansah ngudia nindakaké pegawéan
kawelasan.
8 Aku ora netepaké prekara-prekara
mau dadi prenatan. Nanging srana
nuduhaké sepira enggoné wong-wong
liyané padha sengkud awèh pambiyantu,
aku kepéngin ngerti sepira enggonmu
ngétokaké katresnanmu.
9 Kowé rak wis padha ngerti bab
sih-rahmaté Gusti kita Yésus Kristus,
sing senajan sugih wis kersa dadi mlarat
merga kowé, supaya srana kemlaratané
mau kowé dadi sugih.
10 Manut panemuku, beciké kowé saiki
ngrampungna, apa sing wis kokwiwiti
taun kepungkur. Pancèn kowé sing wis
miwiti, malah gagasan nglumpukaké
sumbangan kanggo wong mlarat iku
asalé saka kowé.
11 Mulané pegawéan kuwi terusna
lan rampungna pisan klawan ngetog

karosanmu. Padha disengkud enggonmu
ngrampungaké, ora béda karo biyèn
nalika kowé nyengkud gawé rancangan.
12 Menawa enggonmu dhemen dedana
klawan éklas, Gusti Allah bakal nampa
pisungsungmu manut ukuraning
kekuwatanmu sing sanyatané, ora
nganggo wewaton sing ora nyata.
13 Niyatku ora kokarep ngènthèngaké
sesanggané wong liya srana muwuhi
momotanmu. Nanging sarèhné kowé
saiki lagi kaparingan kalubèran, wis
samesthiné yèn kowé mbiyantu sedulur-
sedulurmu sing padha kekurangan.
Mengkono uga saupama kowé
kekurangan lan sedulur-sedulurmu mau
padha kalubèran, wong-wong mau iya
bakal awèh pambiyantu marang kowé.
Srana mengkono karo-karoné padha
ladèn-linadènan.
14 (8:13)
15 Kaya sing katulis ing Kitab Suci:
"Wong sing nampa akèh, ora turah lan
sing nampa sethithik, ora kekurangan."[d]
16 Aku padha saos sukur marang Gusti
Allah, déné Titus padha karo aku kabèh,
uga sengkud enggoné mbiyantu kowé.

---

[d]Mirsani Kel 16:8.

17 Ora mung merga saka penjalukku,
nanging pancèn semono gedhéné tékadé
olèhé arep mbiyantu, nganti metu
saka karepé dhéwé, lunga menyang
panggonanmu.
18 Kejaba Titus aku uga padha
kongkonan sedulur siji menèh sing
diéringi banget ana ing pasamuwan-
pasamuwan, merga saka pegawéané
martakaké Injil.
19 Lan ora mung kuwi waé! Wong
mau uga kapilih lan ditetepaké déning
pasamuwan-pasamuwan, supaya dadi
kanthiku kabèh, sajroné nglakoni
ayahanku iki. Aku padha arep nerusaké
pisumbangmu, supaya Gusti Allah tansah
kaluhuraké, lan kowé padha ngerti, yèn
aku padha seneng tetulung.
20 Enggonku padha nyekel dhuwit
pisungsung kuwi klawan ngati-ati,
supaya aja ana wong sing nyalahaké
aku.
21 Karepku, tumindak jujur, ora mung
ana ing ngarsané Gusti, nanging uga ana
ing ngarepé manungsa.
22 Kejaba wong loro mau, aku uga padha
kongkonan sedulur siji menèh, sing
wis kerep daktètèr lan ketitik enggoné

tansah sregep awèh pambiyantu,
lan merga precaya karo kowé, saiki
saya gedhé semangaté enggoné arep
mbiyantu.
23 Titus kuwi kancaku tunggal
sapegawéan sing ngréwangi aku kanggo
kowé. Déné sedulur-sedulur liyané sing
arep mangkat bareng karo Titus, kuwi
makili pasamuwan-pasamuwan, supaya
asmané Sang Kristus kaluhuraké.
24 Tuduhna sepira gedhéning
katresnanmu marang sedulur-sedulur
mau, supaya pasamuwan-pasamuwan
kabèh padha sumurup yèn katresnanmu
kuwi temenan, lan supaya padha ngerti
yèn pengalemku marang kowé kuwi ana
nyatané.
9 1 Satemené aku ora perlu nulisi
kowé, bab dana sing lagi dikirimaké
marang umaté Allah, sing ana ing tanah
Yudéa.
2 Awit aku ngerti yèn kowé padha
seneng tetulung, lan aku wis nglairaké
pengalemku tumraping kowé marang
wong-wong ing Makédonia. Aku kandha
karo wong-wong mau, yèn sedulur-
sedulur ing Akhaya wis wiwit taun
kepungkur padha awèh pitulungan. Lan

kegiatanmu kuwi njalari wong akèh ing
kana padha kegugah semangaté.
3 Titus lan wong loro liyané mau saiki
dakkon mréné supaya padha weruh
yèn enggonku ngalem kowé kuwi ora
goroh, mula supaya kowé padha gelema
cecawis awèh pambiyantu kaya sing
dakkandhakaké.
4 Yèn ora mengkono, saiba isinku,
menawa wong-wong Makédonia padha
teka bareng karo aku, lan ketemu kowé
durung padha cecawis. Sebab aku wis
kewetu yèn kowé bisa dakandelaké.
Mesthiné, kowé dhéwé rak ya padha
mèlu isin!
5 Mulané sedulur-sedulur mau
dakkon ndhisiki lakuku, supaya padha
nglumpukaké dana sing biyèn wis
kokjanjèkaké. Mengko satekaku dana
mau supaya wis cemawis. Supaya
ketitika yèn enggonmu dedana klawan
sukalila, lan ora merga kepeksa.
6 Padha diéling, wong sing nyebar
sethithik, ngundhuhé iya sethithik.
Nanging wong sing nyebar akèh,
ngundhuhé iya akèh.
7 Saben wong mènèhana manut rilaning
atiné, lan aja karo nggrundel utawa

merga kepeksa. Sebab Gusti Allah
ngasihi wong sing wèwèh kanthi sukalila.
8 Gusti Allah kwaos maringi kowé luwih
akèh ketimbang karo sing kokbutuhaké,
supaya kowé dhéwé selawasé padha
kecukupan, malah kepara turah, supaya
kowé bisa dedana, nyokong sarupaning
penggawé sing becik.
9 Kaya pangandikaning Kitab Suci, sing
surasané mengkéné: "Panjenengané
maringi marang wong mlarat klawan
loma, kabecikané langgeng ing
selawas-lawasé."[e]
10 Gusti Allah sing nyawisaké wiji
kanggo wong sing nyebar lan nyawisaké
pangan kanggo kita, Panjenenganė iya
bakal maringi wiji secukupé marang
kowé. Panjenenganė sing bakal nukulaké
wiji mau, sarta nikelaké wohé saka
pisungsungmu.
11 Gusti Allah bakal maringi kasugihan
sing cukup marang kowé, supaya
selawasé kowé bisa dedana kanthi
loma. Merga danamu sing kokkirimaké
lantaran aku mau, bakal akèh wong sing
padha saos sukur marang Gusti Allah.

---

[e]Mirsani Mzm 112:9.

12 Kabecikanmu ora mung nyukupi
kebutuhané para umaté Allah (sing ana
ing kutha Yérusalèm) waé, nanging uga
bakal njalari wong akèh padha saos
sukur marang Gusti Allah.
13 Lan awit saka kabecikanmu mau,
akèh wong sing bakal padha ngluhuraké
asmané Allah merga kasetyanmu
marang Injilé Sang Kristus sing padha
kokandhemi, mengkono uga merga
enggonmu ngedum-edum apa sing
kokduwèni marang wong-wong mau, lan
wong-wong liyané.
14 Sedulur-sedulur mau bakal
padha ndongakaké kowé klawan
katresnan, merga sih-rahmaté Allah sing
kaparingaké marang kowé klawan lubèr.
15 Mulané asmané Allah kaluhurna
merga sih-peparingé sing semono
gedhéné.

10 1 Manut kandhané wong, aku
Paulus, diunèkaké jirih yèn
adu-arep, waniné yèn adoh. Penjalukku
marang kowé, lambaran kesaénan lan
sih-rahmaté Sang Kristus,
2 samangsa aku teka niliki kowé,
kowé aja meksa aku tumindak keras
marang kowé. Awit aku bisa keras karo

wong-wong sing padha ngarani yèn
penggawéku nuruti nepsu kadonyan.
3 Ya bener aku iki padha urip ana ing
donya, nanging penggawéku mau ora
manut nepsu kadonyan.
4 Gegaman sing dakenggo nglawan
dudu gegaman kadonyan, nanging
gegamané Allah, sing ampuh lan bisa
nggempur bètèng-bètèngé manungsa.
Aku padha nyirnakaké pangothak-athiké
manungsa sing palsu,
5 lan mbongkar témbok-témbok
gumunggunging manungsa sing
ngalang-alangi wong arep wanuh
karo Gusti Allah. Aku padha nelukaké
pikiran-pikirané manungsa, supaya
manut marang Sang Kristus.
6 Samangsa kowé wis mbuktèkaké
setyamu, aku bakal ngukum sakèhé
wong sing ora setya.
7 Kowé padha ngertia prekara sing
sanyatané. Menawa ing antaramu ana
sing nganggep dadi kagungané Sang
Kristus, mbok ngèlingana yèn aku iki uga
kagungané Sang Kristus, padha waé.
8 Aku ora isin ngegung-egungaké
pangwasa sing wis diparingaké déning
Gusti marang aku, awit pangwasa mau

kanggo mbangun kowé, ora kanggo
ngrusak kowé.
9 Aku ora niyat medèn-medèni kowé
srana layang-layangku.
10 Mesthiné ana sing arep muni:
"Layang-layangé Paulus kuwi keras lan
pedhes, nanging yèn adu-arep karo kita,
dhèwèké tanpa daya lan tembungé ora
teges!"
11 Bèn wong kuwi mengko ngerti yèn
tembung-tembung sing daktulis ana ing
layang-layangku karo apa sing bakal
padha daktindakaké samangsa aku
adu-arep, kuwi ora ana bédané.
12 Pancèn aku ora wani madhakaké
awakku karo wong-wong sing anggepé
wis sampurna. Wong-wong kuwi bodho
banget! Padha gawé ukuran manut
panemuné dhéwé, banjur nandhing
awaké dhéwé nganggo ukuran mau!
13 Nanging tumraping aku, enggonku
ngegung-egungaké ana watesé; watesé
yakuwi ayahan sing diparingaké
déning Gusti Allah marang aku, klebu
pegawéanku ana ing antaramu.
14 Sarèhné kowé klebu ana ing sajroning
wates mau, mula dhèk aku nekani kowé

martakaké Injilé Sang Kristus, aku ora
nerak wates.
15 Lan aku ora padha ngumukaké bab
pegawéané wong liya sing ana ing
sanjabané wates sing wis ditemtokaké
déning Gusti Allah kanggo aku. Nanging
pengarep-arepku, supaya kaprecayanmu
saya mundhak lan aku padha bisa
nindakaké pegawéan kang luwih gedhé
menèh ana ing antaramu, sajroning
wates sing wis ditemtokaké déning Gusti
Allah.
16 Yèn wis mengkono, aku lagi bisa
martakaké Injil ing panggonan-
panggonan liya, ora susah nganggo
ngegung-egungaké pegawéan sing wis
dilakoni ing laladané wong liya.
17 Awit Kitab Suci nerangaké: "Sapa
sing arep ngegung-egungaké, kuwi
ngegung-egungna apa sing wis
ditindakaké déning Pangéran."[f]
18 Sebab wong sing kanggep ana ing
ngarsané Gusti Allah kuwi dudu wong
sing ngalem awaké dhéwé, nanging
wong sing dialem déning Gusti Allah.

---

[f]Mirsanana Yer 9:24.

11 1 Rak kena ta, aku sok mbodhoni!
2 Aku tresna karo kowé kaya
déné Gusti Allah piyambak iya tresna
karo kowé. Kowé kuwi kaya prawan sing
wis dakpacangaké karo sawijining priya,
yakuwi Sang Kristus.
3 Aku sumelang yèn pikiranmu wis kena
ing panggodha lan kowé wis ninggal
katresnanmu sing suci marang Sang
Kristus, padha kaya Ibu Kawa sing
kagodha, sing digorohi déning si ula.
4 Awit kowé gelem nampani saben wong
sing nekani kowé lan mulangaké bab
Yésus liyané, béda karo Gusti Yésus, sing
padha dakwulangaké. Kowé uga gelem
nampa roh lan "injil," sing béda karo Roh
lan Injil, sing koktampa saka aku!
5 Manut panemuku, babar-pisan aku
ora rumangsa kalah karo "rasul-rasul"
sing kokanggep pinunjul mau!
6 Bisa uga aku iki ora micara,
nanging kuwi ora ateges yèn aku ora
duwé kawruh. Kuwi wis saben-saben
dakterangaké marang kowé.
7 Apa salahku karo kowé merga aku
tumindak andhap-asor, saking olèhku
arep ngurmati kowé? Apa merga

enggonku martakaké Injilé Allah marang kowé tanpa njaluk bayaran?
8 Nalika aku martakaké Injil ana ing antaramu, aku diragadi déning pasamuwan-pasamuwan liya. Presasat aku iki meres pasamuwan-pasamuwan mau, supaya bisa mitulungi kowé.
9 Lan selawasé aku ana ing antaramu, aku ora tau ngrusuhi kowé, ora njaluk dhuwit kanggo nyukupi butuhku. Sing nyukupi butuhku kabèh kuwi para sedulur sing padha teka saka Makédonia. Biyèn, mengkono uga saterusé aku ora arep gawé susahmu!
10 Demi kayektèné Sang Kristus sing dakandhemi, aku mesthèkaké, yèn ora ana wong siji waé ing satanah Akhaya sing bisa mbantah sing dadi mongkoging atiku.
11 Apa sebabé aku muni mengkono? Apa aku ora tresna marang kowé? Gusti Allah sing pirsa yèn aku tresna marang kowé!
12 Apa sing wis daktindakaké, arep dakterusaké supaya "rasul-rasul" liyané ora duwé alesan kanggo gumunggung, kandha-kandha, yèn enggoné nyambut-gawé mau patrapé kaya aku kabèh.

13 Wong-wong kuwi dudu rasul-rasul
temenan, nanging rasul-rasul palsu.
Wong-wong kuwi padha ngapusi lan
réwa-réwa dadi rasulé Sang Kristus sing
sejati.
14 Kuwi ora nggumunaké! Iblis iya
bisa méndha-méndha dadi malaékating
pepadhang.
15 Mulané ora anèh menawa batur-
baturé Iblis uga méndha-méndha
dadi abdining kayektèn. Nanging akiré
wong-wong mau bakal nampa paukuman
sing laras karo penggawéné.
16 Dakambali sepisan menèh murih
cethané: Aja ana wong sing duwé
pengira yèn aku iki wong bodho. Nanging
yèn kowé nganggep aku iki bodho, ya
wis aku tampanana kaya déné wong
bodho, supaya aku bisa gumunggung
sethithik.
17 Lan apa sing arep dakkandhakaké
saiki, kuwi ora saka dhawuhé Gusti,
nanging tembungku dhéwé, tembungé
wong sing bodho.
18 Kaya wong akèh padha ngegung-
egungaké prekara kadonyan, aku uga
arep mèlu-mèlu tumindak mengkono.

19 Sarèhné kowé nganggep kowé
dhéwé pinter, dadi kowé iya bisa nyabari
wong-wong sing bodho!
20 Kowé wis nyabari saben wong sing
nindhes kowé, sing meres kowé, wong
sing ngerèh kowé; wong sing ngina
marang kowé; wong sing napuk pipimu.
21 Kanthi isin, aku ngakoni, yèn ing bab
mengkono kuwi aku rumangsa kalah
karo kowé. Senajan mengkono, yèn
ana wong sing wani ngegung-egungaké
awaké dhéwé tumraping sawijining
prekara, — kandhaku iki kaya déné ujaré
wong bodho — aku iya wani tumindak
mengkono.
22 Apa wong-wong mau wong Ibrani?
Aku iya wong Ibrani. Apa wong-wong
kuwi wong Israèl? Aku uga wong Israèl!
Apa wong-wong mau tedhak-turuné
Rama Abraham? Aku uga tedhak-turuné
Rama Abraham!
23 Apa wong-wong kuwi abdiné Sang
Kristus? Mbokmenawa kowé kaya
ngrungokaké kandhané wong ora waras,
nanging aku iki abdi sing luwih sregep
tinimbang karo wong-wong kuwi kabèh!
Nyambut-gawéku luwih keras. Aku

luwih kerep dikunjara; aku luwih kerep
digebugi; aku kerep mèh ngalami mati.
24 Ping lima aku disiksa déning wong
Yahudi, manut prenatan Yahudi, yakuwi
nganggo dipecuti "ping patang puluh
kurang siji".
25 Ping telu aku digebugi wong-wong
Rum; malah dibenturi watu sepisan. Aku
ngalami kapalku kèrem ana ing segara
nganti ping telu, lan sepisan ngalami
kompal-kampul ana ing segara nganti
patlikur jam suwéné.
26 Lakuku kerep diancam déning bebaya
banjir, déning bégal, déning wong-
wong Yahudi lan déning wong-wong
bangsa liyané. Aku iya kerep diancam
déning bebaya ana ing kutha, ana
ing pesamunan, ana ing segara, lan
bebaya-bebaya saka wong-wong sing
méndha-méndha sedulur.
27 Aku kerep ngalami rekasa lan
nyambut-gawé abot; kerep ora mangan,
ora ngombé lan ora turu; kaliren,
kapiran, ora duwé omah lan kadhemen
merga ora duwé sandhangan.
28 Tanpa nyebut prekara-prekara liyané,
saben dina aku mikiraké bot-répoté
pasamuwan-pasamuwan kabèh.

29 Yèn ana wong sing sèkèng, aku mèlu
ngrasakaké kasèkèngané. Yèn ana sing
tumiba ing dosa, atiku mèlu remuk
merga sedhih.
30 Saupama aku dikudokaké
gumunggung, aku bakal ngegung-
egungaké prekara-prekara sing
nuduhaké kaapesanku.
31 Gusti Allah, Ramané Gusti Yésus,
pirsa yèn aku ora goroh. Asmané
kaluhurna ing selawasé.
32 Nalika aku ana ing kutha Damsyik,
gubernur ing kono, sing dibawahaké
déning Sang Prabu Aretas, préntah
marang tentarané supaya padha njaga
gapura-gapurané kutha mau, arep
nyekel aku.
33 Nanging aku diudhunaké nganggo
kranjang saka jendhéla ing témboké
kutha mau. Mengkono dadiné aku oncat
saka ing astané gubernur mau.

12 1 Senajan ora ana gunané,
nanging aku kepeksa
gumunggung. Saiki aku dakcrita
bab tetingalan sajroning wahyu sing
daktampa saka Gusti.
2 Aku wanuh karo sawijining wong
Kristen. Patbelas taun kepungkur wong

mau diangkat menyang swarga sing
dhuwur dhéwé. (Aku ora ngerti kuwi mau
kelakon temenan, apa mung sawijining
tetingalan, Gusti Allah sing pirsa.)
3 Dakambali menèh, aku weruh wong
mau diangkat menyang ing Firdus,
(embuh kuwi mau temenan, apa mung
sawijining tetingalan, Gusti Allah sing
pirsa.)
4 Ana ing kana wong mau krungu
swara-swara sing ora kena diucapaké
nganggo tembungé manungsa lan ora
kena dikandhakaké.
5 Dadi aku kerep ngegung-egungaké
bab wong kuwi — ora arep ngegung-
egungaké bab awakku dhéwé, kejaba
ing bab prekara-prekara sing nuduhaké
kaapesanku.
6 Senajan aku ngegung-egungaké
awakku pisan, aku ora bodho, sebab sing
dakkandhakaké kuwi barang sing nyata.
Nanging aku emoh ngegung-egungaké
awakku, supaya aja nganti ana wong
sing penganggepé ngluwihi apa sing
dideleng ana ing aku, dadia kelakuanku,
dadia tembungku.
7 Supaya aku aja dadi gumunggung
merga pengalaman sing élok mau,

aku diparingi lelara déning Gusti Allah
ana ing awakku, sing dadi pirantiné
Iblis kanggo ngantemi aku, lan nyegah
supaya aku aja gumunggung.
8 Aku wis ndedonga ping telu marang
Gusti, nyuwun supaya lelara kuwi
disingkiraké saka aku.
9 Nanging Gusti ngandika: "Sih-rahmat-
Ku wis cukup kanggo kowé, jalaran
pangwasa-Ku dadi luwih cetha samangsa
kowé rumangsa apes!" Mulané aku luwih
ngegung-egungaké keapesanku, sebab
yèn aku nandhang apes, aku ngrasakaké
pangwasané Sang Kristus ngayomi aku.
10 Aku seneng waé ngalami keapesan,
dicecamah, kasusahan, panganiaya, lan
kasusahan liya-liyané, merga Asmané
Sang Kristus; awit iya samangsa aku
sèkèng kuwi, aku malah kuwat.
11 Kowé wis meksa aku tumindak kaya
wong sing bodho. Beneré rak kowé
sing kudu kandha yèn aku sing bener.
Senajan aku iki dudu apa-apa, nanging
aku ora kalah karo "rasul-rasulmu" sing
kokanggep pinunjul kuwi.
12 Titikané yèn aku iki rasul temenan,
kuwi wis cetha. Kowé dhéwé wis
ndeleng pretandha-pretandha, mujijat-

mujijat lan lelakon-lelakon sing
ngéram-éramaké.
13 Apa tau aku ora nggatèkaké kowé yèn
katandhing karo enggonku nggatèkaké
pasamuwan-pasamuwan liyané, kejaba
mung bab enggonku ora njaluk ragad
marang kowé? Yèn bab iki kokanggep
salah, ya apuranen.
14 Saiki aku wis cecawis arep niliki kowé
sing kaping teluné. Aku ora arep njaluk
ragad kowé awit dudu barang-barangmu
sing dakgolèki, nanging kowé dhéwé.
Merga dudu anak-anak sing kuwajiban
ngragadi wong tuwané, nanging wong
tuwa kanggo anak-anaké.
15 Aku gelem ngragadi kowé nganggo
samubarang sing dakduwèni. Malah
aku ngetohaké awakku dhéwé kanggo
mbiyantu kowé. Apa katresnanmu
marang aku suda, merga katresnanku
marang kowé saya mundhak?
16 Kowé rak ya setuju ta yèn aku ora
dadi rengganmu. Nanging ana wong sing
kandha, yèn aku iki julig lan arep ngakali
kowé nganggo akal licik.
17 Nanging kuwi mokal. Apa tau ta aku
golèk keuntungan ana ing antaramu
lumantar wong-wong sing dakkongkon?

18 Aku kongkonan sedulur Titus niliki
kowé, dakkanthèni sedulur-sedulur
Kristen liyané. Apa Titus gawé rugimu?
Apa tindaké Titus ora padha karo sing
dakkarepaké lan nganggo cara sing
daktindakaké?
19 Bisa uga kowé duwé pengira yèn aku
iki arep mbeneraké awakku dhéwé ana
ing ngarepmu. Ora! Demi Gusti Allah,
kabèh sing daktindakaké iki manut
kersané Sang Kristus, lan pegawéanku
kabèh kuwi mligi kanggo mbiyantu
kowé, kanggo mbangun atimu.
20 Aku sumelang, mbokmenawa
mbésuk samangsa aku tekan enggonmu
kaananmu tinemu béda karo sing
dakkarepaké. Mbokmenawa mbésuk
satekaku, kowé tinemu padha
cecongkrahan, padha kemèrèn, padha
brangasan, padha mikiraké awakmu
dhéwé, padha mitenah, padha nyatur
ala, padha gumunggung lan padha gawé
gègèr.
21 Aku sumelang, samasa aku mbésuk
ketemu karo kowé, Gusti Allah, sing
dakbektèni, kuwi bakal ngasoraké aku
ana ing ngarepmu, lan aku bakal nangisi
sedulur-sedulur sing ing wektu sing

kepungkur wis padha nglakoni dosa
lan durung padha mratobat saka dosa-
dosané mau, yakuwi nerak kasusilan,
laku jina lan murang-tata.

13 1 Iki sing ping teluné enggonku
arep nekani kowé. Ana ayating
Kitab suci sing surasané: "Saben
pandakwa kudu nganggo paseksiné
wong loro utawa telu."[g]
2 Aku kepéngin ngélingaké menèh para
sedulur sing dhèk biyèn padha nglakoni
dosa lan uga kowé kabèh. Aku dhèk
biyèn ya wis tau ngélingaké kowé, nalika
aku nekani kowé sing ping pindhoné.
Saiki senajan aku adoh karo kowé, aku
arep ngélingaké sepisan engkas, supaya
samasa mbésuk aku teka menèh, aku
ora bakal ngéman sapa waé.
3 Kowé bakal olèh sakèhing bukti sing
kokkarepaké, yèn Sang Kristus nyata wis
ngandika lantaran aku. Yèn Sang Kristus
lelayanan karo kowé Panjenengané ora
kaya wong sing tanpa daya, nanging
bakal ngetingalaké pangwasané ana ing
antaramu.
4 Sebab senajan nalika disédani ing
kayu salib Panjenengané nandhang

---

[g]Mirsanana Ul 17:6.

kaapesan, nanging saiki Panjenengané
gesang ngagem pangwasané Gusti
Allah. Ana ing patunggilané Sang Kristus
aku uga nandhang kaapesan, nanging
ing bab urusanku karo kowé, aku uga
padha urip karo Panjenengané nganggo
pangwasané Gusti Allah.
5 Titinen awakmu dhéwé, apa kowé
padha urip sajroning precaya. Kowé
mesthi ngerti apa Sang Kristus Yésus
ana ing kowé apa ora, semono mau
menawa precayamu ora luntur.
6 Aku ngandel, yèn kowé bakal ngerti
menawa precayaku padha ora luntur.
7 Pandongaku marang Gusti Allah,
supaya kowé aja padha gawé dosa. Ora
koksupaya pegawéanku katon metokaké
woh, nanging supaya kowé padha
nindakaké apa sing bener, senajan aku
katoné padha gagal.
8 Awit prekara sing bener ora kena kita
lawan, mung kudu kita turut.
9 Aku padha bungah senajan apes,
angger kowé padha rosa. Panyuwunku
supaya kowé padha dadia sampurna.
10 Yakuwi sebabé aku nulis layang iki
sajroné aku isih adoh karo kowé, supaya
menawa aku mbésuk teka, aku ora

susah tumindak keras, lan nggunakaké
pangwasa sing kaparingaké marang
aku déning Gusti. Pangwasa mau ora
kanggo ngrusak kowé, nanging kanggo
mbangun.
11 Wusana, para sedulur, karia slamet!
Padha ngudia supaya kowé padha
sampurna, lan padha mbangun-turuta
marang pituturku. Sing padha nunggal
ati lan padha rukun, temahan Gusti Allah
Kang Mahatresna lan dadi sumbering
pirukun kuwi bakal nunggil karo kowé.
12 Padha sesalamana nganggo salam
paseduluran.
13 (13-12b) Para warganing
pasamuwané Allah kabèh padha
kirim salam marang kowé.
14 (13-13) Sih-rahmaté Gusti Yésus
Kristus, lan sihé Allah tuwin berkahé
Sang Roh Suci kaparingna marang kowé
kabèh. Saka aku sekloron, Paulus lan
Timotius

Galatia

1 [1] Layang saka Paulus, sing katimbalan
dadi rasul ora déning manungsa
utawa lantaran manungsa, nanging
déning Gusti Yésus Kristus lan Allah
Sang Rama, sing wis mungokaké Gusti
Yésus Kristus saka ing séda.
[2] Sedulur-sedulur sing bebarengan
karo aku uga padha mèlu kirim salam
marang pasamuwan-pasamuwan ing
tanah Galatia.
[3] Muga-muga kowé padha diparingi sih
lan katentreman déning Gusti Allah,
Sang Rama kita lan Gusti Yésus Kristus.
[4] Supaya kita padha luwar saka jaman
sing kebak duraka iki, Sang Kristus wis
ngurbanaké sarirané piyambak kanggo
nebus dosa-dosa kita, krana enggoné
ngèstokaké kersané Gusti Allah, Sang
Rama kita.
[5] Pinujia, Allah kaluhurna ing selawasé!
Amin.
[6] Aku gumun ngrasakaké kowé, déné
kokgelis temen padha nyingkur Gusti
Allah, sing wis nimbali kowé merga

sih-rahmaté Sang Kristus; sarta kowé
banjur padha kèlu marang "injil sing ora
saka Gusti Allah".
7 Satemené "injil liyané" mau ora
ana. Enggonku kandha ana injil liyané
mau, awit ana wong sing padha gawé
bingungmu lan arep ngowahi Injilé Sang
Kristus.
8 Senajan aku dhéwé utawa malaékat
ing swarga, yèn ngabaraké injil marang
kowé sing béda karo Injil sing wis
dakwartakaké, nampaa paukumané
Gusti Allah!
9 Biyèn aku wis kandha, lan saiki
dakambali: Yèn ana wong ngabaraké injil
marang kowé, sing béda karo Injil sing
wis padha koktampa saka aku, wong
kuwi tampaa paukumané Gusti Allah!
10 Apa srana mengkono mau aku
kaya-kaya nuruti karepé manungsa?
Ora! Nanging aku manut kersané
Gusti Allah. Apa aku golèk pengalemé
manungsa? Saupama mengkono aku
dudu abdiné Sang Kristus.
11 Para sedulur, kowé padha
dakkandhani, yèn Injil sing dakwartakaké
kuwi dudu karanganè manungsa.

12 Ora daktampa saka manungsa, lan
iya ora ana wong sing mulang bab Injil
mau marang aku. Nanging Gusti Yésus
Kristus piyambak sing ndhawuhaké Injil
mau marang aku.
13 Kowé rak wis padha krungu ta bab
uripku biyèn. Aku dadi wong Yahudi sing
tekun nglakoni saraking agama Yahudi.
Semono uga kowé wis padha krungu
enggonku nguya-uya pasamuwané Gusti
Allah sakatogé, arep daksirnakaké.
14 Ing bab nglakoni saraking agama
Yahudi aku luwih maju ketimbang karo
wong Yahudi liya-liyané. Ing bab netepi
adat tata cara sing diwarisaké déning
para leluhur, aku luwih keras tinimbang
wong-wong mau.
15 Nanging krana sihé, Gusti Allah wis
milih aku sadurungé aku lair, lan nimbali
aku supaya ngladosi Panjenengané.
16 Nalika Gusti Allah kersa ngetingalaké
Kang Putra marang aku, lan supaya aku
ngabaraké Injil bab Sang Putra mau
marang bangsa-bangsa sing durung
padha wanuh karo Gusti Allah, aku ora
njaluk pamrayogané sapa-sapa.
17 Aku uga ora banjur lunga menyang
kutha Yérusalèm, nemoni wong-wong

sing wis padha katimbalan dadi rasul luwih dhisik ketimbang aku. Nanging aku malah banjur lunga menyang tanah Arab, lan bali menèh menyang kutha Damsyik.
18 Bareng wis telung taun, aku lagi menyang kutha Yérusalèm nemoni Kéfas (Rasul Pétrus) golèk ketrangan, lan nginep ana ing omahé Kéfas mau lawasé rong minggu.
19 Aku ora ketemu karo rasul-rasul liyané, kejaba Yakobus, sedhèrèké Gusti Yésus.
20 Sing daktulis iki nyata. Aku ora ngapusi, lan Gusti Allah sing pirsa.
21 Sawisé kuwi aku banjur menyang daérah-daérah ing tanah Siria lan tanah Kilikia.
22 Nalika semana para warganing pasamuwan ing tanah Yudéa durung kenal karo aku.
23 Ngertiné mung saka critané wong liya, yakuwi: "Wong sing biyèn nguya-uya kita, saiki malih nggelar piwulang, sing biyèn arep disirnakaké!"
24 Mengkono wong-wong mau banjur padha ngluhuraké asmané Gusti Allah merga saka aku.

2 1 Let patbelas taun aku lagi bali
menèh menyang kutha Yérusalèm
karo Barnabas, Titus uga dakjak.
2 Enggonku lunga menyang Yérusalèm
mau, merga aku nampa wangsit saka
Gusti Allah, yèn aku kudu mangkat
mrana. Sajroning rembugan mligi karo
para panuntuné pasamuwan ing kutha
Yérusalèm, aku nerangaké isining
Injil sing dakwartakaké marang para
wong-wong bangsa liya mau. Karepku
supaya pegawéan sing wis daklakoni
biyèn tekan saiki iki aja nganti muspra.
3 Titus, kancaku nyambut-gawé,
senajan dhèwèké kuwi wong Yunani, ora
dikudokaké tetak.
4 Senajan ya ana wong sawetara,
sing ngakuné wong Kristen lan mèlu
rembugan ana ing kono, padha kandha
yèn Titus kudu ditetaki. Wong-wong mau
padha nylamur, awit padha kepéngin
ngerti pengalamanku bab urip merdika
ana ing patunggilané Gusti Yésus Kristus.
Karepé wong-wong mau supaya aku
padha dadi abdining Torèt.
5 Nanging aku padha ora gelem mundur
sethithik-thithika, supaya kayektèné Injil
mau tetep kokantepi.

6 Éwasemono wong-wong sing kétoké
padha dadi pemimpin mau ora nambahi
rembug apa-apa sing wigati. Aku ora
mentingaké pangkaté wong-wong kuwi,
awit Gusti Allah ora mirsani manungsa
manut tata lairé.
7 Malah wong-wong mau padha weruh
yèn aku diparingi kuwajiban déning Gusti
Allah ngabaraké Injil marang wong-wong
sing padha durung wanuh karo Gusti
Allah, ora béda karo kuwajiban sing
diparingaké déning Gusti Yésus marang
Rasul Pétrus, yakuwi ngabaraké Injil
marang wong Yahudi.
8 Sebab aku didadèkaké rasul déning
pangwasané Gusti Allah kanggo wong-
wong sing padha durung wanuh karo
Gusti Allah mau, kaya déné Rasul Pétrus
didadèkaké rasul kanggo wong Yahudi.
9 Rasul Yakobus, Rasul Pétrus lan Rasul
Yohanes, sing sajaké dadi pemimpin ana
ing kono, padha ngakoni yèn Gusti Allah
piyambak wis maringaké kuwajiban sing
mligi mau marang aku. Mulané wong-
wong mau padha nyalami Barnabas lan
aku. Kaya déné kanca-kanca nunggal
pegawéan kita kabèh padha sarujuk,
yèn Barnabas lan aku sing ngabaraké

Injil ana ing satengahé bangsa-bangsa
sing durung wanuh karo Gusti Allah,
mengkono uga para rasul liyané padha
ngabaraké Injil ana ing satengahé wong
Yahudi.
10 Mung saprekara sing padha dijaluk,
yakuwi supaya aku padha ngèlingi
marang wong-wong miskin sing ana ing
satengahing pasamuwan-pasamuwan
ing Yudéa. Lan kuwi pancèn tansah
dakudi temenan.
11 Merga cetha yèn salah, Rasul
Pétrus nalika teka ing kutha Antiokia
dakwelèhaké terang-terangan.
12 Sadurungé wong-wong sing padha
diutus Rasul Yakobus teka, Rasul
Pétrus gelem mangan bebarengan
karo sedulur-sedulur Kristen, sing ora
tetakan. Nanging bareng para utusané
Rasul Yakobus padha teka, Rasul
Pétrus banjur mundur lan ora gelem
nerusaké mangan bebarengan karo
sedulur-sedulur sing ora tetakan mau,
merga wedi karo wong-wong sing padha
nganjuraké supaya wong saka bangsa
liya sing padha mratobat kudu ditetaki.
13 Para sedulur Kristen sing asal Yahudi,
merga jirih, padha mèlu-mèlu lamis

kaya Rasul Pétrus mau. Malah Barnabas
dhéwé uga katut.
14 Bareng aku weruh yèn tumindaké
Rasul Pétrus lan sedulur-sedulur liyané
mau nyimpang saka garis sing bener,
sing kawulangaké déning Injil, aku
banjur kandha karo Rasul Pétrus ing
ngarepé wong akèh mau, "Panjenengan
piyambak menika tiyang Yahudi, ingkang
sampun mboten nganut tata gesangipun
tiyang Yahudi. Lah kokpanjenengan
badhé meksa tiyang sanès Yahudi
supados gesang kados tiyang Yahudi?"
15 Pancèn, kita menika lair dados tiyang
Yahudi, dédé bangsa sanèsipun ingkang
sinebut "sanès Yahudi tiyang ingkang
dosa".
16 Nanging kita inggih mangertos bilih
anggènipun tiyang karukunaken kaliyan
Gusti Allah menika namung landhesan
pitados dhateng Gusti Yésus Kristus,
mboten landhesan Torèt. Kita mekaten
ugi; enggèn kita pitados dhateng Gusti
Yésus Kristus menika supados kita
karukunaken kaliyan Gusti Allah lantaran
pitados kita wau, lan mboten landhesan
enggèn kita netepi Angger-anggering
Torèt. Sebab mboten wonten tiyang

ingkang karukunaken kaliyan Gusti
Allah landhesan enggènipun netepi
Angger-anggering Torèt.
17 Menawi kita (tiyang Yahudi)
karukunaken kaliyan Gusti Allah
landhesan patunggilan kita kaliyan Sang
Kristus, dados cetha bilih kita menika
inggih tiyang dosa, sami kaliyan tiyang
kapir. Menawi mekaten, menapa Sang
Kristus menika dados budhaking dosa?
Babar-pisan mboten!
18 Menawi keyakinan ingkang sewau
sampun kula bungkar, lajeng wiwit kula
bangun malih, menika kula tetep lepat.
19 Nanging miturut Torèt, kula sampun
pejah — dipun pejahi déning Torèt —
supados kula saged gesang kagem Gusti
Allah, kula sampun ndhèrèk pejah dipun
salib kaliyan Sang Kristus.
20 Temah ingkang gesang menika
sampun sanès kula malih, nanging Sang
Kristus ingkang wonten ing kula. Gesang
kula ingkang samangké menika mboten
sanès namung krana kula pitados
dhateng Putranipun Allah ingkang
ngasihi kula, lan ingkang sampun
ngurbanaken sugengipun kanggé kula.

21 Kula mboten badhé ngrèmèhaken
sih-rahmatipun Gusti Allah. Menawi
tiyang saged karukunaken kaliyan Gusti
Allah lantaran Angger-anggering Torèt,
menika ateges bilih sédanipun Sang
Kristus tanpa gina!

3

1 Hé, wong-wong ing tanah Galatia,
bodhomu koknemen! Sapa ta sing
nasaraké kowé? Bab sédané Sang Kristus
ing kayu salib kuwi wis dakterangaké
sakatogé marang kowé!
2 Coba wangsulana pitakonan iki: Apa
enggonmu nampani Rohé Gusti Allah
kuwi merga saka enggonmu netepi
Angger-anggering Torèt, apa merga saka
enggonmu ngrungokaké lan precaya
marang Injil?
3 Bodhomu kokkebangeten temen!
Kowé wis miwiti uripmu sing anyar
srana Rohé Gusti Allah, apa kowé saiki
arep mungkasi uripmu sing anyar mau
nganggo kekuwatanmu dhéwé?
4 Apa sing koklakoni seprana-sepréné
kuwi muspra, ora ana gunané babar-
pisan?
5 Apa enggoné Gusti Allah maringaké
Sang Roh Suci lan gawé mujijat
pirang-pirang ana ing satengahmu

kuwi merga saka enggonmu netepi
Angger-anggering Torèt, apa merga saka
enggonmu ngrungokaké lan precaya
marang Injil?
6 Kaya sing katulis ing Kitab
Suci tumraping Rama Abraham:
"Panjenenganè precaya marang Gusti
Allah, lan precayané mau kaanggep
déning Gusti Allah dadi penggawéné
Abraham enggoné nglakoni kersané
Gusti Allah."
7 Menawa mengkono kowé banjur
ngerti, yèn sing dianggep turuné
Abraham sing sejati kuwi wong sing
precaya.
8 Kitab Suci wis nyebutaké yèn Gusti
Allah bakal ngrukunaké wong kapir karo
sarirané piyambak landhesan precaya.
Mulané Kitab Suci wis luwih dhisik
martakaké kabar kabungahan marang
Rama Abraham, surasané mengkéné:
"Merga kowé, sakèhing bangsa ing bumi
bakal diberkahi déning Pangéran."
9 Rama Abraham precaya, lan
diberkahi; semono uga wong precaya
padha diberkahi kaya Rama Abraham.
10 Kabèh wong sing ngendelaké
Angger-anggering Torèt, kuwi uripé

dikwasani déning laknat, sebab ana
tulisan mengkéné: "Kenaa ing laknat
wong sing ora nglakoni samubarang sing
katulis ana ing Angger-anggering Torèt
klawan setya."
11 Lan ya wis cetha yèn ora ana wong
sing karukunaké karo Gusti Allah merga
enggoné netepi Angger-anggering Torèt,
sebab Kitab Suci mratélakaké: "Wong
sing kaanggep bener utawa karukunaké
karo Gusti Allah kuwi bakal urip merga
saka enggoné precaya."
12 Angger-anggeré Torèt kuwi dhasaré
dudu iman; kaya sing katulis ing Kitab
Suci: "Sapa sing nglakoni kaya surasané
angger-angger, kuwi bakal urip déning
angger-angger mau."
13 Nanging Sang Kristus wis nebus kita
saka laknaté Angger-anggering Torèt
srana nyanggi laknat sing satemené kudu
kita sangga, kaya sing dingandikakaké
déning Kitab Suci: "Kenaa ing laknat
saben wong sing kapenthang ana ing
kayu salib."
14 Enggoné Sang Kristus nindakaké
mengkono mau supaya berkahé Gusti
Allah kaparingaké marang wong kapir
lumantar Gusti Yésus Kristus lan supaya

merga precaya, kita padha bisa nampani
Sang Roh Suci, sing kajanjèkaké déning
Gusti Allah.
15 Para sedulur! Aku arep nggunakaké
conto sing gampang. Yèn ana wong loro
padha rujuk tumrap sawijining prekara,
banjur nandhatangani prejanjian, ora
ana pihak sing kena mbatalaké utawa
nambahi apa-apa.
16 Gusti Allah wis gawé prejanjian
karo Abraham "lan karo turunmu".
Kitab Suci ora nerangaké: "lan karo
turun-turunmu," yakuwi wong akèh.
Nanging Kitab Suci nerangaké "lan karo
turunmu," ateges mung karo wong siji,
yakuwi Sang Kristus.
17 Sing dakkarepaké mengkéné: Gusti
Allah prejanji lan janji bakal netepi
prejanjiané mau. Angger-anggering
Torèt, sing tekané lagi patang atus
telung puluh taun sawisé prejanjian
mau kaabsahaké, ora bisa ngilangaké
prejanjiané Gusti Allah lan mbatalaké
janjiné Gusti Allah.
18 Awit saupama peparingé Gusti Allah
kuwi gumantung karo Angger-anggering
Torèt, peparing mau rak banjur ora
kadhasaraké ing janjiné. Nanging

sarèhné Gusti Allah wis janji, mula
Panjenenganè iya ngleksanani janji mau
marang Rama Abraham.
19 Yèn mengkono maksudé Angger-
anggering Torèt kuwi apa? Torèt
kuwi kaparingaké supaya nuduhaké
panerak-panerak kita. Torèt kuwi gunané
mung tekan sarawuhé turuné Abraham,
sing kasebut ana ing prejanjian, yakuwi
sing wenang nampani janji mau. Torèt
mau diparingaké lumantar malaékat-
malaékat marang Nabi Musa, sing dadi
pantara.
20 Nanging janji mau diparingaké déning
Gusti Allah ora ngagem pantara, awit
pakaryané mau disarirani piyambak.
21 Apa kuwi ateges yèn Angger-
anggering Torèt mau sulaya karo
prejanjiané Gusti Allah? Babar-pisan ora!
Sebab saupama Angger-anggering Torèt
sing diparingaké kuwi bisa njalari uripé
manungsa, manungsa rak banjur bisa
karukunaké karo Gusti Allah lantaran
Angger-anggering Torèt.
22 Nanging Kitab Suci nerangaké yèn
manungsa sajagad iki wis kawengku
déning pangwasané dosa, supaya
prejanjian sing wewaton precaya marang

Gusti Yésus Kristus diparingaké marang
wong-wong sing precaya.
23 Sadurungé wong precaya karo Gusti
Yésus, kita padha dikurung déning
Angger-anggering Torèt kaya wong
tahanan.
24 Dadi Angger-anggering Torèt kuwi
tugasé ngwasani kita, nganti sarawuhé
Sang Kristus, supaya kita karukunaké
karo Gusti Allah merga saka precaya kita
mau.
25 Saiki, bareng wong-wong padha
precaya karo Sang Kristus, Angger-
anggering Torèt wis ora ana paédahé
tumrap kita.
26 Sebab merga aku precaya kowé
padha dadi putrané Allah, yakuwi merga
saka enggonmu tetunggilan karo Gusti
Yésus Kristus.
27 Kowé kabèh wis padha kabaptis,
dikumpulaké ana ing patunggilan mau,
lan srana mengkono kowé ngrasuk
sipat-sipaté Sang Kristus piyambak.
28 Dadi saiki wis ora ana bédané
antarané wong Yahudi lan wong kapir,
antarané batur-tukon lan wong merdika,
antarané wong lanang lan wong wadon;

ana ing patunggilané Sang Kristus kabèh
dadi siji.
29 Menawa kowé dadi kagungané Sang
Kristus, kowé uga dadi turuné Rama
Abraham, lan wenang nampani apa sing
dijanjèkaké déning Gusti Allah marang
Rama Abraham mau.

4

1 Nanging prelu dakterangaké
mengkéné: Sajroné ahli waris kuwi
isih bocah, ora ana bédané karo batur-
tukon, senajan sejatiné ahli waris kuwi
sing nduwèni sakèhing barang-barang
mau kabèh.
2 Sajroné dhèwèké isih bocah, ana wong
sing dipasrahi ngrumati bocah mau lan
ngurusi apa-apané, nganti tekan wektu
sing wis ditetepaké déning bapakné.
3 Mengkono uga kita iki: Sadurungé kita
diwasa cara rohani, kita iya dadi baturé
roh-roh sing ngwasani jagad raya iki.
4 Nanging bareng wis tekan
titimangsané, Gusti Allah banjur
ngutus Kang Putra. Rawuhé kaya bayi
sing lair saka wong wadon, lan kawengku
déning Angger-anggering Torèté wong
Yahudi.
5 Prelu nebus sakèhing wong sing
kawengku déning Angger-anggering

Torèt mau, supaya kita bisa dadi putrané Gusti Allah.
6 Merga kowé kuwi para putrané, Gusti Allah ngutus Rohé Putrané ana ing atimu, nganti bisa matur: "Aba, Rama kawula."
7 Dadiné kowé kuwi wis dudu batur-tukon menèh, nanging Putra. Lan sarèhné kowé kuwi putrané Gusti Allah, kowé uga bakal kaparingan samubarang kabèh sing dadi wewenangé para putrané Gusti Allah.
8 Dhèk biyèn kowé padha ora wanuh karo Gusti Allah; mulané kowé padha dadi batur-tukoné brahala-brahala.
9 Nanging bareng saiki kowé wis wanuh karo Gusti Allah — utawa sing luwih cocog: Sawisé Gusti Allah wanuh karo kowé — kepriyé déné kokpadha arep mbalèni ngawula marang brahala-brahala menèh, yakuwi roh-roh apes lan nistha, sing gawé cilaka? Yagéné kowé kokgelem dadi batur-tukoné menèh?
10 Kowé padha nganggep yèn ana dina-dina, mangsa-mangsa lan taun-taun sing becik lan sing koksirik.

11 Aku prihatin ing ngatasé kowé!
Mengko gèk apa sing wis daklakoni
kanggo kowé kuwi muspra?
12 Penjalukku marang kowé, para
sedulur, padha nirua aku. Awit aku rak
iya padha waé karo kowé. Kowé ora tau
gawé keluputan karo aku.
13 Kowé rak padha kèlingan apa sebabé
aku martakaké Injil marang kowé sing
kapisan. Sebabé merga aku lagi lara.
14 Éwasemono nalika semana kowé
padha ora ngrèmèhaké aku utawa
nampik aku. Lelaraku mau satemené
dadi pendadaran gedhé tumraping
kowé. Aku malah koktampani kaya
déné malaékaté Gusti Allah, malah kaya
enggonmu padha nampani Gusti Yésus
piyambak.
15 Kowé padha rumangsa begja! Apa
sebabé koksaiki kowé malih? Aku bisa
neksèni gedhéning katresnanmu marang
aku, paribasané kowé ora ngéman
mripatmu dhéwé, yèn prelu kacuplék
kokwènèhaké aku.
16 Apa merga kandha ing sanyatané
kuwi aku banjur kokanggep dadi
satrumu?

17 Wong-wong liyané padha nggatèkaké
banget marang kaananku. Nanging
penggawéné sing mengkono mau
merga ana pamrihé. Sing padha diarah
yakuwi supaya kowé pisah karo aku,
satemah kowé iya nggatèkaké marang
wong-wong mau, padha kaya enggoné
wong-wong mau nggatèkaké marang
kowé.
18 Upama karepé becik, pancèn apik
banget déné kokana wong sing tansah
nggatèkaké kowé, dadi ora mung yèn
aku ana ing satengahmu waé.
19 Anak-anakku sing daktresnani! Merga
saka kowé aku nglarani menèh, kaya
wong sing arep nglairaké anak. Kapan
sipat-sipaté Sang Kristus bakal tinemu
ana ing kowé?
20 Ing wektu iki kaya apa enggonku
kepéngin ana ing tengah-tengahmu,
supaya aku bisa ngowahi sikapku
marang kowé. Aku prihatin banget
ngrasakaké kaananmu!
21 Aku arep takon marang wong-wong
sing padha kepéngin urip kawengku
déning Angger-anggering Torèt: Apa
kowé padha ora krungu apa sing
dikandhakaké déning Torèt?

22 Ing Kitab Torèt ditulis yèn Rama Abraham kagungan putra loro, siji saka wong wadon batur-tukon, sijiné saka wong wadon merdika.
23 Putra sing saka wong wadon batur-tukon mau lairé lumrah, yakuwi manut tata kamanungsan, nanging putra sing saka wong wadon merdika, lairé merga prasetyané Gusti Allah.
24 Iki kena dianggep sawijining prelambang: Wong wadon loro mau mrelambangi prejanjian rong rupa. Sing siji Ibu Hagar, yakuwi sing tekané saka Gunung Sinai, sing anak-anaké kalairaké dadi batur-tukon.
25 Ibu Hagar ngibarataké Gunung Sinai, ing tanah Arab, prelambangé kutha Yérusalèm dalasan penduduké kabèh, sing saiki padha dadi batur-tukon.
26 Nanging kutha Yérusalèm kaswargan kuwi merdika, mrelambangi ibu kita.
27 Sebab Kitab Suci nerangaké mengkéné, "Bungah-bungaha kowé wong gabug, sing ora tau nglairaké! Bungah-bungaha lan surak-suraka, kowé wong sing ora tau nglarani! Sebab wong wadon sing ditinggal bojoné bakal duwé

anak luwih akèh, tinimbang sing urip
bebarengan karo bojoné."
28 Para sedulur, kita iki padha dadi
putrané Gusti Allah wewaton prasetya,
kaya Rama Iskak.
29 Ing nalika semono anak sing
kalairaké manut tata kamanungsan mau
nguya-uya marang putra sing kalairaké
merga Rohé Gusti Allah. Mengkono uga
saiki.
30 Nanging apa sing diterangaké déning
Kitab Suci? "Batur-tukon saanaké kuwi
tundhungen, sebab anaké batur wadon
ora bakal mèlu kepanduman warisan
sing kanggo anaké wong wadon sing
merdika."
31 Mangka, para sedulur, kita iki dudu
anaké batur wadon mau, nanging padha
dadi anaké wong wadon sing merdika.
5 1 Saiki kita padha merdika. Sang
Kristus wis merdikakaké kita. Mulané
adegmu dikaya wong merdika, aja gelem
dadi batur-tukon menèh.
2 Padha rungokna. Aku, Paulus,
ngandhani kowé: yèn kowé gelem
ditetaki, kuwi ateges Sang Kristus ora
ana gunané kanggo kowé.

3 Sepisan menèh kowé dakkandhani,
wong sing gelem ditetaki, kuwi wajib
netepi Angger-anggeré Torèt kabèh.
4 Menawa kowé ngudi katunggilaké
karo Gusti Allah srana netepi Angger-
anggeré Torèt, kowé malah uwal saka
Sang Kristus. Dadiné kowé padha ora
ngrasakaké sih-rahmaté Gusti Allah.
5 Mungguh aku, aku padha ngarep-arep
supaya srana pangwasané Sang Roh
Suci, sing makarya ana ing sajroning
pengandelku aku padha karukunaké
karo Panjenengané.
6 Awit menawa kita ana ing patunggilané
Sang Kristus Yésus, tetak apa ora tetak
kuwi ora penting. Sing prelu: Precaya
marang Sang Kristus lan ketitiké precaya
mau ana ing bab olah katresnan.
7 Biyèn uripmu wis becik. Sapa sing
njalari kowé saiki ora manut kersané
Gusti Allah?
8 Mesthi dudu Gusti Allah, sing wis
nimbali kowé.
9 Ana unèn-unèn: "Ragi sethithik bisa
mrasuk ing jladrèn kabèh."
10 Éwasemono aku isih tetep precaya
karo kowé. Patunggilan kita karo Gusti
njalari aku yakin, yèn pengandelmu

isih panggah. Sapa waé sing gawé
bingungmu, kuwi bakal kaukum déning
Gusti Allah.
11 Tumraping aku, para sedulur,
saupama aku isih mulangaké, yèn tetak
kuwi prelu, mesthi aku ora bakal dikuya-
kuya. Yèn nyata mengkono, enggonku
martakaké bab salibé Sang Kristus
mesthiné ora bakal dadi sandhungan.
12 Mbok wong-wong sing padha gawé
bingungmu kuwi aluwung padha metu
waé saka pasamuwan, lan padha ngebiri
awaké dhéwé pisan!
13 Nanging kowé, para sedulur, kowé
wis padha katimbalan supaya dadi wong
merdika. Nanging kamerdikan mau
aja kokenggo alesan ngumbar hawa-
nepsumu. Malah padha tulung-tinulunga
srana katresnan.
14 Awit Angger-anggering Torèt kuwi
wis kecakup ana ing dhawuh siji iki:
"Tresnaa marang sapepadhamu, dikaya
marang awakmu dhéwé."
15 Nanging yèn kowé padha kerah kaya
kéwan, diéling, mesthi bakal tumpes
kabèh.
16 Sing dakkarepaké kuwi mengkéné:
Uripmu padha katuntuna déning

Sang Roh Suci lan aja padha nuruti
hawa-nepsuning daging.
17 Awit kareping daging kuwi sulaya
karo kersané Sang Roh Suci, lan
kersané Sang Roh Suci kuwi cengkah
karo kareping daging. Sekaroné mau
padha memungsuhan; mulané kowé aja
tumindak manut karepmu dhéwé.
18 Menawa kowé dituntun déning Sang
Roh Suci, kowé ora kawengku déning
Angger-anggering Torèt.
19 Penggawé sing jalaran saka kareping
daging kuwi cetha, yaiku: laku jina,
kotor, murang-tata;
20 nyembah brahala, ilmu sihir,
memungsuhan, seneng padu, mèri,
brangasan, gumunggung, seneng gawé
crah, lan tukar padu.
21 Padha sengit-sinengitan,
endem-endeman, jibar-jibur, lan
sapanunggalané. Tumrap kuwi mau
kabèh, kowé dakélingaké, kaya
enggonku wis tau ngélingaké kowé
biyèn. Wong-wong sing uripé kaya
mengkono ora bakal ditampa ana ing
Kratoné Allah.
22 Déné wohé panuntuning Sang Roh
Suci yakuwi: Katresnan, kabungahan,

katentreman, sabar, sarèh, sumlondhoh,
kabecikan, setya,
23 andhap-asor, ngwasani awaké dhéwé.
Ora ana angger-angger sing nglawan
prekara-prekara sing mengkono mau.
24 Lan sapa sing dadi kagungané Gusti
Yésus Kristus, kuwi wis matèni sipat
kedagingané dalah hawa-nepsu lan
pepénginané pisan.
25 Rohé Gusti Allah wis maringi
urip anyar marang kita, mulané iya
Panjenenganė sing kudu ngwaosi urip
kita.
26 Kita aja banjur dadi gumunggung,
genti gawé seriking atiné wong liya,
utawa kemèrèn.

6 1 Para sedulurku, yèn ana wong sing
konangan nglakoni keluputan, kowé
sing katuntun déning Sang Roh Suci
kudu nuntun wong mau supaya bali
ngambah dalan sing bener, kanthi patrap
sing sarèh. Jaganen awakmu dhéwé,
supaya aja nganti kowé dhéwé uga kena
ing panggodha.
2 Padha ngréwangana nyangga
momotané padha sedulur. Srana patrap
mengkono kowé netepi angger-anggeré
Sang Kristus.

3 Yèn ana sing nganggep awaké dhéwé
penting, mangka satemené ora, wong
kuwi ngapusi awaké dhéwé.
4 Saben wong mawasa kelakuané
dhéwé. Yèn kelakuané becik, wong
mau bisa mongkog tumrap apa sing
wis ditindakaké, nanging aja nandhing-
nandhingaké tumindaké mau karo
penggawéné wong liya.
5 Awit saben wong kudu nyangga
momotané dhéwé-dhéwé.
6 Wong sing nampa piwulang bab
pangandikané Gusti Allah, kudu males
kabecikan marang wong sing awèh
piwulang mau.
7 Aja ngapusi awakmu dhéwé. Gusti
Allah ora kena digawé geguyon. Saben
wong bakal ngundhuh apa sing disebar.
8 Yèn sing disebar hawa-nepsuning
daging, sing bakal diundhuh pati;
nanging yèn sing disebar manut
panuntuning Sang Roh Suci, bakal
ngundhuh urip langgeng.
9 Mulané kita aja padha bosen
nindakaké kabecikan, sebab yèn kita ora
kendho, bakal ana mangsané kita padha
ngundhuh asilé.

10 Mulané saben ana wewengan,
ayo kita padha gawé becik marang
wong kabèh, luwih-luwih marang
sedulur-sedulur kita tunggal precaya.
11 Coba setitèkna, layangku iki daktulis
nganggo tanganku dhéwé.
12 Wong-wong sing arep ngegung-
egungaké awaké dhéwé, lan ngumukaké
prekara-prekara tata lair, kuwi wong-
wong sing arep meksa netaki kowé.
Enggoné tumindak mengkono mau mung
supaya ora dikuya-kuya wong Yahudi
krana salibé Sang Kristus.
13 Senajan padha nglakoni tetak,
éwasemono wong-wong mau padha ora
netepi Angger-anggering Torèt. Karepé
arep netaki kowé kuwi mung supaya
wong-wong mau bisa ngumukaké,
yèn kowé uga ngugemi tata-cara sing
ditetepaké déning Angger-anggering
Torèt.
14 Nanging tumraping aku, aku mung
arep ngegung-egungaké Gusti Yésus
sing séda kasalib. Merga saka salibé
Gusti Yésus mau, jagad wis ora ana
tegesé kanggoné aku, semono uga aku
ya wis ora ana tegesé kanggoné jagad.

15 Tetakan apa ora tetakan kuwi ora penting babar-pisan. Sing prelu yakuwi enggon kita dadi titah anyar.
16 Lan wong kabèh sing uripé manut aturan iki, padha kaparingana katentreman lan sih-rahmat, semono uga umat kagungané Gusti Allah kabèh!
17 Wusana, aja ana wong sing gawé susahku menèh, sebab tilasing tatu-tatu ing awakku mbuktèkaké yèn aku iki abdiné Sang Kristus.
18 Sih-rahmaté Gusti Yésus Kristus kaparingna marang kowé kabèh! Amin.
Saka aku, Paulus

Efesus

1 1 Layang saka aku, Paulus, sing
ditimbali déning Gusti Allah dadi
rasulé Sang Kristus Yésus — tumekaa
marang umaté Allah, wong-wong Kristen
sing setya, sing ana ing kutha Éfesus.
2 Gusti Allah Rama kita lan Gusti
Yésus Kristus maringana sih-rahmat lan
katentreman marang kowé.
3 Pinujia Gusti Allah sing jumeneng
dadi Ramané Gusti kita Yésus Kristus!
Awit ana ing patunggilané Sang Kristus
Panjenenganė wis mberkahi kita srana
sakèhing ganjaran kasukman saka ing
swarga.
4 Sadurungé jagad katitahaké, lumantar
Sang Kristus, Gusti Allah wis milih kita
dadi umat kagunganė, supaya kita
padha dadi suci lan tanpa cacad ana ing
ngarsané. Merga saka tresnané,
5 Gusti Allah wis ngangkat kita dadi para
putrané, lantaran Gusti Yésus Kristus.
Kuwi wis dadi kersané lan gawé renaning
penggalihé.

6 Pinujia Asmané Allah, merga sih-
rahmaté sing semono luhuré, lan merga
kanugrahan sing kaparingaké marang
kita lantaran Kang Putra kinasih.
7 Srana sédané Sang Kristus kita wis
dimerdikakaké; kuwi tegesé dosa kita
wis kaapura.
8 Iba gedhéné sih-rahmaté Allah, sing
kaparingaké marang kita kanthi lubèr,
lan tumindaké manut pangertèn lan
kawicaksanané.
9 Panjenenganė mbukak kekeraning
rancanganė marang kita, kaya sing
wis ditemtokaké déning Panjenengané
piyambak, yèn kebabaré mau lantaran
Sang Kristus.
10 Satekaning wektuné rancangan mau
kelakon, sakèhing tumitah sing ana ing
swarga lan ing bumi didadèkaké siji, lan
Sang Kristus jumeneng dadi sesirahé.
11 Samubarang katitahaké manut
rancangan lan putusané Gusti Allah.
Panjenengané milih kita dadi umat
kagunganė ana ing patunggilané Sang
Kristus, manut ing sakersané. Kuwi wis
katetepaké wiwit-wiwitan mula.

12 Mulané kita sing precaya dhisik
dhéwé marang Sang Kristus padha
ngluhurna kamulyané Gusti Allah!
13 Mengkono uga kowé. Nalika kowé
padha krungu pawarta sing sanyatané,
yakuwi bab Injiling keslametan, kowé
padha precaya marang Sang Kristus.
Gusti Allah banjur maringaké cap ana
ing kowé sing mretandhani yèn kowé
kuwi dadi kagunganė, yakuwi srana
maringaké Sang Roh Suci marang kowé,
cocog karo janjiné.
14 Sang Roh Suci kuwi diparingaké
minangka jaminan yèn kita bakal
nampani apa sing diprasetyakaké déning
Gusti Allah marang umaté, sarta iya dadi
tanggelan, yèn Gusti Allah bakal maringi
kamerdikan sing sampurna marang para
umat kagunganė; mula pinujia Gusti
Allah krana saka kamulyané.
15 Mulané, wiwit aku krungu bab
precayamu marang Gusti Yésus lan bab
katresnanmu karo umaté Gusti Allah
kabèh,
16 ora kendhat enggonku saos sukur
marang Gusti Allah. Saben ndedonga,
aku tansah ngèlingi kowé.

17 Lan nyuwun marang Allahé Gusti
kita Yésus Kristus, Sang Rama kang
mahamulya, kersaa maringaké Sang Roh
Suci marang kowé. Sang Roh Suci mau
maringana kawicaksanan lan medharna
kersané Gusti Allah marang kowé,
supaya kowé wanuh karo Panjenenganė.
18 Sing daksuwun supaya Sang Roh
Suci mbukak pikiranmu, lan kowé
padha kapadhangan, satemah weruh
apa sing kacadhangaké déning Gusti
Allah, sing wis kepareng nimbali kowé.
Mengkono uga supaya kowé padha
weruh sepira gedhéné berkah-berkah
sing diprasetyakaké déning Gusti Allah
marang kowé,
19 sarta sepira gedhéné pangwasané
sing makarya ana ing kita, sing padha
precaya. Pangwasa mau gedhé banget,
20 iya sing diagem mungokaké Sang
Kristus saka ing séda, lan nglenggahaké
Panjenenganė ana ing dhamparing
kaswargan.
21 Ana ing kono Sang Kristus ngerèh
sakèhé pamaréntah sing ana ing langit,
para penggedhé, para pangwasa lan para
luhur. Pangwasané ngungkuli sakèhé

pangwasa, dadia ing jaman saiki, dadia
ing jaman sing bakal kelakon.
22 Samubarang ana ing sangisoring
samparané[a] Sang Kristus lan
Panjenengané kajumenengaké
dadi Sesirahé samubarang sing ana ing
pasamuwan.
23 Pasamuwan kuwi sariranė Sang
Kristus. Srana pasamuwan mau
Panjenengané dadi sampurna;
awit Panjenengané piyambak sing
nyampurnakaké samubarang kabèh sing
ana ing jagad iki.

2 1 Cara karohanèn, kowé biyèn wis
padha mati merga enggonmu ora
mbangun-turut marang Gusti Allah lan
merga dosa-dosamu.
2 Nalika semana kowé padha manut
kaananing donya sing ala. Kowé padha
mbangun-turut marang pangwasané
roh-roh sing ana ing langit, yakuwi
roh-roh sing saiki mengku wong-wong
sing padha mbangkang marang Gusti
Allah.
3 Satemené kita kabèh iki biyèn iya kaya
wong-wong mau. Kita padha urip nuruti
hawa-nepsu kita dhéwé, lan nindakaké

---

[a]samparan: tlapakan: dlamakan.

apa waé, sing dadi pepénginané badan
lan pikiran kita. Biyèn urip kita padha
waé karo wong-wong liyané, nganti kita
iya ketaman bebenduné Gusti Allah.
4 Nanging merga saka lubèring piwelasé
Gusti Allah, lan sih-kadarmané sing
gedhé banget,
5 Panjenengané kersa nangèkaké
kita saka ing pati bareng karo Sang
Kristus, senajan nalika semana kita cara
karohanèn wis mati merga panerak kita.
Merga saka sih-rahmaté Gusti Allah,
kowé padha kaparingan keslametan.
6 Ana ing patunggilané Sang Kristus
Yésus, Gusti Allah wis nangèkaké kita
bareng karo Sang Kristus, supaya kita
bebarengan karo Panjenengané ngratoni
swarga.
7 Mengkono enggoné Gusti Allah
nélakaké gedhéning sih-rahmaté lan
katresnané sing diparingaké marang
kita lantaran Sang Kristus Yésus ing
selawasé.
8 Sebab enggonmu diparingi keslametan
kuwi merga sih-rahmaté Gusti Allah,
lantaran enggonmu precaya marang
Gusti Yésus. Keslametan kuwi dudu

wohing pambudidayamu, nanging
peparingé Gusti Allah.
9 Mulané ora ana sing kena kokenggo
alesan gumunggung, sebab kabèh kuwi
dudu wohing penggawému dhéwé.
10 Kita iki padha titahé Gusti Allah,
kang nitahaké kita ana ing patunggilané
Sang Kristus Yésus, supaya kita padha
nglakoni penggawé becik, sing wis
kacadhangaké kanggo kita.
11 Nalika semana kowé durung dadi
wong precaya, lan déning wong Yahudi
disebut "wong ikutan". Déné wong
Yahudi dhéwé nyebut awaké dhéwé
"wong tetakan" (yakuwi tetak tata lair
srana tanganing manungsa). Kowé
padha élinga marang kaananmu dhèk
biyèn.
12 Nalika semana kowé padha pisah
karo Sang Kristus. Kowé biyèn wong-
wong manca, lan ora klebu umat pilihané
Gusti Allah. Kowé padha ora klebu
ana ing prejanjian-prejanjiané Gusti
Allah marang umaté. Nalika semana
kowé padha urip ing donya iki tanpa
pengarep-arep lan tanpa Allah.
13 Nanging ana ing patunggilané Sang
Kristus Yésus, kowé sing biyèn adoh,

saiki wis dicedhakaké déning sédané
Sang Kristus.
14 Sebab Sang Kristus piyambak
kang ngrukunaké kita. Panjenengané
nyatunggilaké wong Yahudi lan dudu
Yahudi dadi umat siji. Srana sarirané
piyambak Sang Kristus wis ngrubuhaké
témbok singgetan, sing misahaké
wong Yahudi lan dudu Yahudi mau,
lan sing njalari wong-wong mau padha
memungsuhan.
15 Panjenengané wis mbatalaké
Torèté wong Yahudi, semono uga
angger-angger lan prenatan-prenatané,
supaya bangsa loro mau kabangun
dadi umat anyar siji, sing tetunggilan
karo Sang Kristus. Mengkono enggoné
Panjenengané paring katentreman.
16 Lantaran sédané ing kayu salib
Sang Kristus wis nyirnakaké sesatroné
wong-wong mau. Srana salib mau
Panjenengané nunggilaké bangsa karo-
karoné dadi bangsa siji, karukunaké
karo Gusti Allah.
17 Dadiné Sang Kristus mau rawuh
martakaké Injiling katresnan marang
wong kabèh, yakuwi marang kowé, wong
dudu Yahudi, sing biyèn padha adoh karo

Gusti Allah, lan marang wong Yahudi,
sing cedhak karo Gusti Allah.
18 Lantaran Sang Kristus, kita kabèh,
dadia wong Yahudi, dadia wong dudu
Yahudi, padha bisa sowan menyang
ngarsané Sang Rama, nunggal ing Roh
siji.
19 Mulané kowé wong-wong sing
dudu Yahudi, wis dudu wong manca
utawa wong njaba. Kowé saiki wis dadi
warganing umaté Allah, lan warganing
brayaté Allah.
20 Kowé uga padha didegaké manut
dhasar sing wis dibangun déning para
rasul lan para nabi; déné Sang Kristus
piyambak jumeneng dadi umpaking saka
guru.
21 Panjenenganė sing nggandhèng
pérangan-péranganė gedhong mau
nganti dadi Pedalemanė Allah utawa
papan pangibadah sing suci kagem
Panjenenganė.
22 Krana patunggilanmu karo Sang
Kristus kowé uga padha kabangun
bebarengan karo wong-wong liyané,
dadi Pedalemané Allah lantaran Sang
Rohé Suci.

3 [1] Merga saka kuwi demi
kepentinganmu para wong
dudu Yahudi, aku, Paulus, wong sing
dikunjara merga Sang Kristus Yésus,
ndedonga ana ing ngarsané Gusti Allah.
[2] Kowé mesthi ya wis krungu, yèn
merga saka sih-rahmaté, Gusti Allah wis
nimbali aku nglakoni ayahan kanggo
keslametanmu.
[3] Gusti Allah wis kepareng medharaké
rancangan sing sinengker, lan
nyariyosaké marang aku. (Bab prekara
iki wis daktulis klawan cekak,
[4] lan yèn kowé wis maca sing daktulis
mau, kowé bakal ngerti apa sing
dakarani wewadi bab Sang Kristus.)
[5] Dhèk jaman-jaman sing wis
kepungkur manungsa ora diparingi
weruh bab wewadi mau, nanging saiki,
lantaran Sang Roh Suci, Gusti Allah
wis medharaké marang rasul-rasul lan
nabi-nabi.
[6] Sing disebut wewadi yakuwi
mengkéné: Lantaran pawartané
Injil, wong dudu Yahudi padha mèlu
kepanduman berkahé Gusti Allah
marang wong Yahudi. Wong-wong mau
padha dadi péranganing sarira siji lan

padha-padha duwé hak tumraping
prejanjiané Gusti Allah lantaran Sang
Kristus.
7 Aku didadèkaké abdining Injil
merga saka kanugrahané Gusti Allah,
sing diparingaké marang aku srana
pangwasané kang élok.
8 Aku wong sing asor dhéwé, ing
antarané umaté Allah. Senajan
mengkono Gusti Allah wis kepareng
maringaké wewenang marang aku,
supaya martakaké Injil bab kasugihané
Sang Kristus sing tanpa wangenan kuwi
marang bangsa dudu Yahudi.
9 Lan supaya nerangaké marang
wong kabèh bab enggoné Gusti
Allah mbabaraké rancangan sing
winadi mau. Gusti Allah sing nitahaké
samubarang, nyimpen wewadi mau
nganti pirang-pirang abad lawasé,
10 supaya ing jaman saiki sawernaning
kawicaksanané Gusti Allah uga
kasumurupaké déning pasamuwan
marang pangwasa-pangwasa lan
pepréntahan-pepréntahan sing ana ing
langit.
11 Gusti Allah enggoné nindakaké kuwi
mau kabèh cocog karo kersané kang

langgeng. Lan kersané kuwi mau kabèh
kaleksanan srana ngagem Sang Kristus
Yésus, Gusti kita, minangka lantarané.
12 Ana ing patunggilan kita karo
Sang Kristus lan lantaran precaya
marang Panjenengané, kita padha olèh
kamerdikan sowan kanthi kendel ana ing
ngarsané Gusti Allah.
13 Mulané penjalukku marang kowé:
aja padha cilik atimu merga enggonku
nglakoni sangsara krana kowé, kuwi
kabèh rak murih becikmu.
14 Mulané aku sujud ana ing ngarsané
Sang Rama,
15 sing dadi asalé saben tumitah sing
ana ing swarga lan ing bumi.
16 Aku nyuwun marang Gusti Allah,
supaya saka gunging kamulyané, kersaa
maringi kekuwatan lantaran Sang Roh
Suci marang kowé, lan nyantosakaké
batinmu.
17 Sarta supaya merga saka
kaprecayanmu Sang Kristus dedalem
ana ing atimu. Pandongaku muga-muga
kowé padha ngoyoda lan tetalesa
sajroning katresnan.
18 Supaya bebarengan karo sakèhé
umaté Allah, kowé dadi ngerti sepira

ambané lan dawané tuwin dhuwuré sarta
jeroné katresnané Sang Kristus.
19 Muga-muga kowé padha ngerti
temenan bab katresnané Sang Kristus
mau — senajan katresnané kuwi ora
kena dijajagi sasampurnané — lan srana
mengkono kowé kapenuhan déning
kasampurnané Gusti Allah.
20 Gusti Allah sing kwasa nindakaké
samubarang srana pangwasané sing
makarya ana ing kita, ngluwihi sing kita
suwun utawa kita pikir.
21 Panjenengané kasaosana kamulyan
ana ing pasamuwan, lan ana ing
patunggilané Sang Kristus Yésus,
turun-tumurun nganti selawas-lawasé.
Amin.

4 1 Mulané aku, wong sing dikunjara
merga enggonku nindakaké ayahan
peparingé Sang Kristus, ngatag-atag
marang kowé: uripmu cundhukna karo
kersané Gusti Allah sing wis nimbali
kowé.
2 Lakumu sing andhap-asor, sarèh
lan tansah sabar. Katresnanmu padha
wujudna srana tulung-tinulung.
3 Sabisa-bisamu padha ngudi
nglestarèkna enggonmu tetunggalan

krana Sang Roh Suci; déné katresnan
mau, sing minangka esuhé.
4 Dadi mung ana badan siji lan Roh siji,
kaya déné ya mung ana pengarep-arep
siji, sing njalari kita padha katimbalan.
5 Mung ana Gusti siji, iman siji lan
baptisan siji;
6 lan mung ana Allah siji, yakuwi
Ramané wong kabèh, Gustiné
samubarang, sing nitahaké lan kagungan
pangwasa ing ngatasé samubarang.
7 Kita padha kaparingan ganjaran
dhéwé-dhéwé, manut takeran sing
diparingaké déning Sang Kristus.
8 Kaya sing dingandikakaké déning
Gusti Allah ana ing Kitab Suci,
surasané: "Sareng sumengka ing
ngaluhur, Panjenenganipun nggèndèng
tiyang-tiyang tawanan kathah;
Panjenenganipun maringi ganjaran
dhateng manungsa."
9 Tembung "sumengka" kuwi ateges:
Panjenenganè wis tumedhak, yakuwi
tumedhak nganti tekan telenging bumi.
10 Dadi Panjenengané sing tumedhak
kuwi, iya sing sumengka ngungkuli
dhuwuré lan jembaré sakèhing langit,
lan ngebaki alam jembar iki.

11 Panjenengané mau sing "maringi
ganjaran marang manungsa"; ana sing
ditimbali dadi rasul, ana sing dadi nabi,
ana sing dadi penginjil, ana sing dadi
pangoné pasamuwan, ana sing dadi
guru.
12 Kuwi mau kabèh supaya umaté
Gusti Allah padha samekta nindakaké
ayahané, kanggo mbangun sarirané
Sang Kristus.
13 Srana mengkono kita kabèh bakal
nunggal iman lan kawruh bab Putraning
Allah. Kita bakal dadi wong-wong sing
diwasa, sing mundhak sampurna kaya
Sang Kristus.
14 Temahan kita mari dadi bocah, sing
katut ing ombak lan mrana-mréné
kagawa déning anginé piwulang sing
molah-malih, sing diwulangaké déning
para tukang apus-apus sing nedya
nasaraké wong srana akal sing julig.
15 Nanging srana ngandhakaké prekara
sing sanyatané klawan katresnan,
kita padha mundhak-mundhaka ing
samubarang prekara, saéngga dadi
sampurna kaya Sang Kristus, sing
jumeneng Sesirah.

16 Srana pangwasané Sang Kristus,
pérang-pérangané badan, sing béda-
béda mau katata lan kaiket dadi siji.
Mulané menawa saben pérangan
nyambut-gawé ing samesthiné, badan
sakojur bakal tuwuh dadi diwasa lan
santosa merga saka katresnan.
17 Mulané kowé padha dakpituturi
demi asmané Gusti: Uripmu aja
padha kaya uripé wong kapir, sing
pengangen-angené tanpa guna,
18 lan pikiré peteng. Wong-wong mau
ora bakal bisa mèlu ngrasakaké urip
anyar peparingé Gusti Allah, sebab saka
bodhoné lan wangkoting atiné.
19 Wong-wong kuwi wis padha ora duwé
isin; padha seneng marang piala, lan
ngumbar hawa-nepsuné.
20 Piwulang sing padha koktampa bab
Sang Kristus kuwi ora mengkono.
21 Kowé rak wis padha krungu bab
Panjenengané lan wis padha dadi
muridé, sarta nampa piwulang bab
kayektèn, sing ana ing Gusti Yésus.
22 Mulané kamanungsanmu sing lawas
padha buwangen, sebab kuwi sing
njalari kowé urip kaya sing uwis-uwis.

Kamanungsan lawas mau rusak déning
dayaning hawa-nepsu sing nasaraké.
23 Batinmu lan pikiranmu kudu
dianyaraké babar-pisan.
24 Padha ngrasuka kamanungsan anyar,
sing katitahaké manut citrané[b] Gusti
Allah; yakuwi manut kabeneran lan
kasucèné.
25 Mulané watakmu sing seneng goroh
padha buwangen! Saben wong kandhaa
sing sanyatané marang pepadhané,
sebab kita kabèh iki padha-padha
péranganing sarirané Sang Kristus.
26 Yèn kowé nepsu, aja nganti kowé
gawé dosa. Enggonmu nepsu aja
terus-terusan sedina muput.
27 Aja mènèhi wewengan marang Iblis.
28 Wong sing gawéné nyolong, aja
nyolong menèh, malah nyambuta-gawé
lan olèha kasil sing kalal kanggo awakmu
dhéwé, lan kanggo mbiyantu wong
miskin.
29 Tembungmu aja gawé seriking atiné
wong liya. Migunakna tembung-tembung
sing ana paédahé, yakuwi tembung-
tembung sing mbangun, lan awèh
panglipur, supaya apa sing kokucapaké

---

[b]citra: gambaré (bhs. Ind.: Peta).

mau ndadèkaké beciké wong-wong sing
padha ngrungokaké.
30 Aja padha gawé sekelé penggalihé
Sang Roh Suci, sebab Sang Roh Suci
kuwi pratandha saka Gusti Allah, yèn
kowé dadi kagunganė. Sang Roh Suci
mau dadi tanggungan, sing nanggel
kowé ing Dina pangluwaran.
31 Buwangen sakèhé drengki,
brangasan lan cugetan. Singkirana
sakèhing pasulayan lan penyatur ala. Aja
padha ngendhem rasa sengit.
32 Aluwung padha nindakna kabecikan,
lan padha sumanaka siji karo sijiné;
padha apura-ingapuraa, kaya déné
Gusti Allah ana ing Sang Kristus iya wis
ngapura marang kowé kabèh.

5 1 Sarèhné kowé kuwi padha dadi
putraning Allah sing kinasih,
kowé kudu padha ngudi urip kaya
Panjenenganė.
2 Uripmu kudu dikwasani déning
katresnan, kaya déné Sang Kristus
enggoné wis ngasihi kita lan masrahaké
nyawané kanggo kita, minangka
sesaosan lan korban sing gawé renané
Gusti Allah.

3 Sarèhné kowé wis padha dadi umaté
Gusti Allah, mulané nyingkirana laku
jina, pamblunthah[c] lan karem bandha,
malah kokgunem waé aja.
4 Semono uga aja padha ngucapaké
tembung sing saru, sing sembrana lan
aja misuh. Aluwung padha saosa sukur
marang Gusti Allah.
5 Kena dipesthèkaké, yèn wong laku
jina, mblunthah utawa karem bandha
(karem bandha kuwi padha karo
nyembah brahala), ora bakal ngrasakaké
dadi umat ing Kratoné Sang Kristus lan
Gusti Allah.
6 Kowé aja nganti kena diapusi déning
apa waé nganggo tembung-tembung
sing kothong. Iya merga prekara-prekara
sing mengkono mau bebenduné Gusti
Allah nempuh wong-wong sing ora padha
mbangun-turut marang Panjenengané.
7 Wong-wong sing kaya mengkono kuwi
aja koksrawungi.
8 Kowé dhéwé biyèn padha ana ing
pepeteng, nanging saiki, sarèhné wis
dadi umaté Gusti Allah, kowé padha
ana ing pepadhang. Mulané uripmu

---

[c]mblunthah: tanpa prenatan.

dikaya wong-wong sing kadunungan
pepadhang.
9 Awit iya pepadhang mau sing
ngetokaké woh werna-werna arupa
kabecikan, kajujuran, kayektèn.
10 Padha sinaua nitèni apa sing gawé
renaning penggalihé Gusti Allah.
11 Aja mèlu-mèlu karo penggawéné
wong-wong sing urip ana ing pepeteng.
Malah penggawé-penggawé sing
mengkono iku padha welèhna.
12 (Nggunem prekara-prekara sing
ditindakaké déningwong-wong mau ana
ing dhelikan, kuwi waé wis saru.)
13 Menawa samubarang kabèh wis
kawiyak, penggawéné wong-wong mau
sing sanyatané, uga bakal kawiyak.
14 Awit samubarang bakal diwedharaké
miturut kaanan sing sanyatané. Mulané
ana tulisan: "Wong sing turu, padha
melèka, lan padha tangia saka ing pati,
temahan Sang Kristus bakal madhangi
kowé!"
15 Mulané uripmu sing padha ngati-ati.
Aja kaya wong bodho, nanging dikaya
wong sing wicaksana.
16 Wektumu tanjakna sing becik, sebab
jaman iki jaman ala.

17 Aja padha tanpa budi, nanging padha
ngudia nyumurupi apa sing dadi kersané
Gusti Allah tumrap ing kowé.
18 Aja padha seneng mendem minuman
keras; kuwi mung bakal ngrusak uripmu.
Aluwung padha penuha ing Roh Suci.
19 Padha memujia nganggo masmur,
rerepèn lan kidung kasukman. Padha
ngrepèkna kidung lan masmur kagem
Gusti Allah lan memujia asmané ana ing
sajroning atimu.
20 Tansah padha saosa sukur marang
Gusti Allah, Sang Rama, tumrap
samubarang, ing Asmané Gusti kita
Yésus Kristus.
21 Padha sumuyuda siji lan sijiné
minangka pangabektimu marang Sang
Kristus.
22 Wong wadon, kowé padha manuta
marang somahmu, kaya enggonmu
manut marang Gusti.
23 Awit wong lanang kuwi sesirahé wong
wadon, kaya déné Sang Kristus kuwi
sesirahé pasamuwan, lan pasamuwan
sing dadi sarirané.
24 Mulané wong wadon kudu manut
karo sing lanang, kaya déné pasamuwan
enggoné manut marang Sang Kristus.

25 Wong lanang, kowé padha
nresnanana somahmu padha karo Sang
Kristus enggoné nresnani pasamuwan,
lan ngurbanaké sugengé kanggo
pasamuwan.
26 Srana mengkono Sang Kristus
nyaosaké pasamuwan marang Gusti
Allah, srana piwulangé, sawisé
pasamuwan mau karesikaké srana
baptisan nganggo banyu.
27 Kersané, supaya pasamuwan mau
dadia éndah, suci lan sampurna, tanpa
blentong, ora pingget utawa cacad
liya-liyané, sumaos ing Panjenengané
piyambak.
28 Wong lanang kudu nresnani somahé,
padha kaya enggoné nresnani awaké
dhéwé. Wong lanang sing nresnani
somahé kuwi nresnani awaké dhéwé.
29 (Ora ana wong sing sengit marang
awaké dhéwé. Malahbadané mau
diwènèhi mangan lan dirumati, padha
kaya Sang Kristus enggoné ngrumati
marang pasamuwan.
30 AWit kita iki padha dadi péranganing
sarirané.)
31 Kaya surasané Kitab Suci: "Mulané
wong lanang bakal ninggal bapa lan

biyungé, dadi siji karo bojoné, sekaroné
bakal padha dadi daging siji."
32 Pangandika kuwi ngandhut wewadi
gedhé, lan pancèn ana gegayutané karo
Sang Kristus lan pasamuwané.
33 Nanging iya ana gegayutané karo
kowé; yakuwi saben wong lanang kudu
nresnani somahé kaya enggoné nresnani
awaké dhéwé, lan saben wong wadon
kudu ngajèni marang sing lanang.

6

1 Bocah-bocah! Sing dadi kuwajiban
enggonmu dadi kagungané Sang
Kristus yakuwi: Padha mbangun-turuta
marang wong tuwamu. Mengkono kuwi
sing bener.
2 "Tresnaa marang bapak lan ibumu,"
kuwi pepakon sing pokok sing dikanthèni
prejanji:
3 "Supaya kowé padha slamet lan lestari
pemanggonmu ana ing jagad iki."
4 Para bapak lan para ibu, aja padha
gawé seriking atiné anak-anakmu,
nanging padha gulawenthahen supaya
ngerti marang prenatan lan piwulangé
Gusti.
5 Para batur, kowé padha mbangun-
turuta marang bendaramu klawan wedi
lan geter, sarta klawan tulusing ati;

padha kaya enggonmu mbangun-turut
marang Sang Kristus.
6 Aja mung yèn pinuju ditunggoni,
amrih olèh pengalemé. Padha nindakna
kersané Gusti Allah kanthi tulusing
atimu, kaya déné abdiné Sang Kristus.
7 Dadi padha nglakonana pegawéanmu
klawan bungah, kaya-kaya kowé
ngladèni Gusti piyambak lan ora mung
ngladèni manungsa.
8 Padha élinga, yèn Gusti bakal ngganjar
saben wong sing nindakaké penggawé
becik, embuh batur embuh wong
merdika.
9 Para bendara, dikaya mengkono uga
pangrengkuhmu marang para baturmu
lan aja padha kokancam. Élinga yèn
kowé lan baturmu kuwi padha-padha
dadi kagungané Gusti sing ana ing
swarga, sing ngadili saben wong tanpa
pilih kasih.
10 Wasana padha mbanguna
kekuwatanmu ana ing patunggilané
Gusti, kanthi migunakaké kasektèning
pangwasané.
11 Padha migunakna sakèhing praboting
perang sing diparingaké déning Gusti
Allah marang kowé, supaya kowé bisa

bakuh ngadhepi sakèhing kajuligané
Iblis.
12 Awit kita iki perang ora karo
manungsa, nanging karo pangwasané
roh-roh ala sing ora katon, sing ana
ing langit, yakuwi ppréntahan, para
penggedhé lan daya kekuwataning jagad
raya, sing nindakaké pangwasané ing
jaman sing peteng iki.
13 Mulané kowé saiki padha nganggoa
gegaman peparingé Gusti Allah, supaya
yèn ketekan dina sing ala kuwi, kowé
bisaa nangkis panempuhing mungsuh,
sarta sawisé nglakoni perang nganti
rampung, kowé isih tetep tangguh.
14 Mulané kowé kudu padha siaga!
Bangkèkanmu sabukana kayektèn, lan
nganggoa kamursidan minangka keré
ing dhadhamu.
15 Sarta padha cumadhanga martakaké
Injiling katentreman minangka
trumpahing sikilmu.
16 Precayamu marang Gusti enggonen
minangka tamèng. Srana precayamu
mau kowé bisa nangkis sakèhing panah
geni sing dilepasaké déning Iblis.
17 Padha nampanana keslametan
minangka tropong lan pangandikané

Gusti Allah tamakna kaya déné pedhang
peparingé Sang Roh Suci marang kowé.
18 Kuwi kabèh padha tindakna klawan
ndedonga, nyuwun pitulunganė Gusti
Allah. Padha tansah ndedongaa manut
panuntuning Sang Roh Suci marang
kowé. Mulané tansah padha sing
awas lan aja semplah; padha tansah
ndedongaa kanggo para umaté Gusti
Allah.
19 Mengkono uga ndongakna aku,
supaya Gusti Allah kersa paring
pangandika samasa tekan mangsané
aku martakaké kekeraning Injil;
sarta kaparingana kekendelan lan
kawicaksanan.
20 Merga saka Injil kuwi aku dadi
utusan, senajan saiki aku dikunjara.
Padha nyenyuwuna supaya aku
kaparingan kekendelan kanggo
ngandharaké bab Injil mau, kaya sing
dadi kuwajibanku.
21 Tikhikus, sedulur kita lan abdi sing
tumemen ana ing pakaryané Gusti, bakal
crita marang kowé, supaya kowé padha
ngerti kaananku.
22 Kuwi sebabé Tikhikus dakkongkon
nemoni kowé, supaya nyritakaké

kaananku kabèh, karebèn bisa gawé
gedhéning atimu.
23 Allah Sang Rama tuwin Gusti
Yésus Kristus, maringana iman, rasa
tresna-tinresnan lan karukunan marang
para sedulur kabèh.
24 Sih-rahmaté Gusti Allah nunggila
karo kowé kabèh, sing padha tetep
katresnané marang Gusti kita Yésus
Kristus. Saka aku, Paulus

Filipi

1 [1] Layangku wong loro, Paulus lan
Timotius, para abdiné Sang Kristus,
tumekaa marang sakèhing umaté Allah
sing padha manggon ing kutha Filipi,
yakuwi para sedulur ing patunggilané
Sang Kristus Yésus. Uga tumekaa
marang para panuntuning pasamuwan
sarta para pembantuning pasamuwan.
[2] Gusti Allah Rama kita lan Gusti
Yésus Kristus maringana sih-rahmat lan
katentreman marang kowé kabèh.
[3] Saben aku kèlingan kowé, aku saos
sukur marang Gusti Allah.
[4] Saben-saben aku ndedonga kanggo
kowé kabèh. Enggonku ndedonga klawan
bungah,
[5] merga aku kèlingan enggonmu
mbiyantu aku nalika aku nindakaké
ayahaning Injil, wiwit-wiwitan nganti
tekan sepréné.
[6] Mulané aku yakin temenan, yèn Gusti
Allah sing wis miwiti penggawé becik
iki ana ing kowé, iya bakal nglajengaké

pakaryané mau nganti sarampungé,
yakuwi tekan Dina rawuhé Sang Kristus.
7 Kowé selawasé ana ing atiku! Lan
pangrasaku sing mengkono mau iya
wis samesthiné. Sebab kowé wis mèlu
ngrasakaké sih-rahmat sing kaparingaké
déning Gusti Allah marang aku, dadia
saiki sajroné aku dikunjara, dadia dhèk
biyèn, nalika aku isih bébas enggonku
mbélani lan ngugemi Injil.
8 Gusti Allah sing neksèni, yèn aku ora
goroh; kangen lan tresnaku marang
kowé kabèh iki asalé saka Sang Kristus
Yésus piyambak.
9 Pandongaku marang kowé iki, supaya
katresnanmu saya mundhak gedhé,
dikanthènana kawruh sing bener lan
panimbang sing patitis.
10 Supaya kowé bisa milih endi
sing becik dhéwé, temah ing Dinané
Sang Kristus rawuh ngadili sakèhing
manungsa, kowé padha slamet, ketemu
resik lan tanpa cacad.
11 Uripmu bakal kapenuhan ing
penggawé-penggawé sing utama, sing
tumindaké mung krana sih-rahmaté
Sang Kristus piyambak, kagem kamulyan
lan kaluhuranė Gusti Allah.

12 Para sedulur! Padha ngertia, yèn
prekara-prekara sing wis dakalami kuwi
malah njalari Injil saya sumebar.
13 Para prejurit sing njaga kraton lan
wong kabèh sing ana ing kéné padha
ngerti yèn enggonku dikunjara iki merga
aku dadi abdiné Sang Kristus.
14 Lan iya merga enggonku dikunjara
iki, akèh sedulur sing saya kuwat
precayané marang Gusti, nganti dadi
saya kendel enggoné martakaké Injil,
tanpa rasa wedi.
15 Pancèn ana sedulur sawetara sing
enggoné mulangaké bab Sang Kristus
merga duwé rasa mèri, utawa merga
dhemen padu, nanging sedulur-sedulur
liyané padha mulangaké klawan éklasing
ati.
16 Kegawa saka rasa tresnané marang
Sang Kristus lan aku, sebab padha ngerti
yèn sing ngutus aku mbélani Injil kuwi
Gusti Allah piyambak.
17 Wong-wong liyané enggoné
ngabaraké Injil ora klawan ati sing éklas,
nanging merga mburu kepentingané
dhéwé. Pengirané srana mengkono kuwi
bisa njalari saya aboting kasangsaranku
ana ing kunjara.

18 Nanging ora dadi apa! Aku seneng
waé, sebab Sang Kristus tetep
dikabaraké, senajan alesané embuh ala,
embuh becik. Aku bakal tetep bungah,
19 sebab aku ngerti yèn aku bakal
kaluwaran, merga pandongamu lan
merga pitulunganė Rohé Gusti Yésus
Kristus.
20 Sing daksesuwun lan dakudi
yakuwi supaya aja nganti gagal
enggonku nglakoni kuwajibanku. Malah
semangsa-mangsa, luwih-luwih saiki,
aku kaparingana kekendelan, supaya
aku bisa ngluhuraké Sang Kristus ana
ing badanku, dadia aku urip utawa mati.
21 Sebab urip kuwi kanggoné aku,
kagem Sang Kristus, déné yèn mati kuwi
dakanggep kabegjan.
22 Nanging yèn srana uripku aku bisa
nindakaké pegawéan sing luwih akèh
paédahé, aku banjur ora ngerti endi sing
arep dakpilih.
23 Aku ketarik déning loro-loroné pisan.
Aku kepéngin banget kapundhut lan
tetunggilan karo Sang Kristus; kuwi sing
becik dhéwé.
24 Éwasemono, kanggo kepentinganmu,
luwih becik yèn aku tetep urip.

25 Bab iki aku yakin. Kuwi sebabé aku
ngerti yèn aku durung arep mati. Aku
bakal isih tetep tetunggalan karo kowé
kabèh, mbiyantu undhaking precayamu
marang Gusti lan kabungahanmu.
26 Mulané mbésuk samangsa aku ana
ing antaramu menèh, kowé bakal bisa
saya kuwat precayamu ana ing Sang
Kristus Yésus.
27 Sing prelu yakuwi uripmu kudu cocog
karo Injilé Sang Kristus, supaya ketemu
apa ora ketemu karo kowé, aku bakal
krungu yèn kowé padha tetep mantep
nunggal karep, lan padha bebarengan
ngudi nggayuh marang prekara siji,
yakuwi bab precaya marang Injil.
28 Aja padha wedi karo satrumu. Sing
tetep kendel waé. Kuwi nandhakaké
yèn satru-satrumu bakal padha kalah,
lan kowé bakal menang, sebab Gusti
Allah piyambak sing maringi kaunggulan
marang kowé.
29 Sebab kowé wis padha olèh
kanugrahan, ora mung enggonmu
precaya marang Panjenengané, nanging
uga enggonmu diparengaké nandhang
sangsara kagem Panjenengané.

30 Saiki kowé padha bisa bebarengan
karo aku, yaiku nandhang kasangsaran
kaya sing wis koksipati tumraping aku
biyèn, lan kaya sing kokrungu saiki isih
dakalami.

2 1 Kowé saiki dadi santosa rak merga
tetunggilan karo Sang Kristus? Atimu
kalipur rak merga saka katresnané Sang
Kristus marang kowé? Kowé padha
tresna-tinresnan lan padha seneng olah
kawelasan rak merga saka Rohé Allah?
2 Padha gawéa senengé atiku srana
enggonmu padha sarujuk, tresna-
tinresnan, tunggal ati lan karep.
3 Aja ana sing seneng mburu
kepentingané dhéwé, utawa golèk
alem, nanging siji lan sijiné padha sing
andhap-asor. Aja padha rumangsa luwih
becik tinimbang karo wong liyané.
4 Malah padha nggatèkna marang
kepentingané liyan, aja mung
kepentingané dhéwé.
5 Sikapmu dikaya Gusti Yésus Kristus,
yakuwi:
6 Senajan Panjenengané kuwi sipat
Allah, éwasemono ora tau kagungan
sedya ngetingalaké sipat ka-Allahané.

7 Malah saka kersané piyambak
Panjenenganè ngrucat kamulyané, sarta
ngagem sipaté abdi. Panjenenganè dadi
padha karo manungsa, lan rawuh wujud
manungsa.
8 Panjenenganè ngasoraké sariranè,
sarta sumuyud marang Gusti Allah
nganti dilakoni séda — yakuwi séda ana
ing kayu salib.
9 Mulané Panjenenganè wis diluhuraké
déning Gusti Allah ana ing papan sing
dhuwur dhéwé, lan diparingi pangwasa
sing ngungkuli sakèhing pangwasa.
10 Supaya sakèhing titah sing ana ing
swarga lan ing bumi, apa déné ing
sangisoring bumi padha sujud.
11 Lan ngakoni yèn Yésus Kristus kuwi
Gusti, lan srana cara mengkono Gusti
Allah, Sang Rama, kaluhuraké.
12 Mulané para sedulur sing kinasih,
kaya enggonmu tansah nurut karo aku
nalika aku bebarengan karo kowé, luwih
menèh saiki bareng aku adoh, padha
saya nuruta. Tansah padha ngudia
kasampurnaning keslametanmu klawan
wedi lan geter,
13 awit Gusti Allah tansah makarya
ana ing kowé, supaya kowé duwéa

kekarepan lan kabisan mbangun-turut
marang apa sing dikersakaké.
14 Samubarang kabèh lakonana tanpa
nganggo nggrundel lan madoni.
15 Supaya ana ing satengahing umat
sing keblinger lan mursal, kowé padha
dadi putrané Gusti Allah sing sampurna,
resik lan tanpa cacad. Menawa
martakaké Injil ana ing satengahé
wong-wong mau,
16 kowé padha sumunara kaya
pepadhang sing madhangi bumi. Yèn
kowé padha tumindak mengkono, ana
beneré aku mongkog mbésuk samangsa
Dinané Sang Kristus Yésus rawuh
menèh, sebab bakal tetéla yèn sakèhé
pangudiku lan pegawéanku mau ora
muspra.
17 Senajan bisa uga nyawaku dadi
korban minangka pisungsung sing
kokcaosaké marang Gusti Allah merga
saka precayamu, aku bungah lan
kowé kabèh bakal mèlu ngrasakaké
kabungahanku.
18 Mengkono uga kowé iya padha
bungaha lan aku bakal mèlu ngrasakaké
kabungahanmu.

[19] Aku precaya, yèn srana pitulungané
Gusti Yésus, aku bakal énggal bisa
kongkonan Timotius nekani kowé,
supaya atiku bisa lejar, merga krungu
kabar bab kaananmu.
[20] Mung Timotius sing bisa mèlu
ngrasakaké bebarengan karo aku, lan
sing pancèn mikiraké bab kaananmu.
[21] Sebab liyané mung padha mikiraké
butuhé dhéwé sarta ora ana sing
mikiraké kepentingané Sang Kristus
Yésus.
[22] Lan kowé wis padha sumurup
enggoné Timotius wis nuduhaké
kasetyané lan wis ngréwangi aku
nindakaké ayahaning Injil, ora béda karo
anak sing ngréwangi bapakné.
[23] Iya Timotius kuwi sing tumuli bakal
dakkongkon nekani kowé samangsa wis
cetha kepriyé putusané prekaraku.
[24] Nanging aku precaya marang Gusti,
yèn ora suwé menèh aku dhéwé iya
bakal bisa niliki kowé.
[25] Dakrasa aku prelu kongkonan sedulur
kita Épafroditus nekani kowé, kuwi
sedulur sing wis ngréwangi aku lan
nyambut-gawé bebarengan karo aku,
sing kokkongkon nulungi aku.

26 Dhèwèké kepéngin banget ketemu
kowé kabèh, lan uga prihatin merga
kowé padha krungu dhèwèké lara.
27 Dhèwèké pancèn lara temenan,
malah mèh mati. Nanging Gusti Allah
paring kawelasan, ora mung marang
dhèwèké, nanging uga marang aku, lan
ngluwari aku supaya aja nganti ketaman
kasusahan sing luwih gedhé menèh.
28 Mulané dhèwèké dakkon énggal-
énggal nemoni kowé, supaya kowé padha
bungah samangsa weruh dhèwèké lan
aku dhéwé iya banjur mari susahku.
29 Mulané Épafroditus kuwi tampanana
kaya sedulur ing patunggilané Gusti.
Wong sing kaya Épafroditus kuwi padha
ajènana.
30 Merga nglabuhi pakaryané Sang
Kristus, nganti mèh mati. Lan ngetohaké
nyawané kanggo mitulungi aku,
minangka wakilmu.

3 1 Wusana, para sedulur, muga-muga
Gusti tansah maringi kabungahan
marang kowé kabèh. Ora ana alané aku
mindhoni sing biyèn wis daktulis marang
kowé, malah kepara akèh beciké.
2 Dingati-ati karo wong sing padha
nglakoni penggawé ala, kaya patrapé

asu, yakuwi wong-wong sing padha
ngotot nggegegi bab tetak.
3 Awit iya kita iki wong-wong sing
padha nglakoni tetak sing bener, dudu
wong-wong kuwi. Awit kita padha
ngabekti marang Gusti Allah lantaran
Rohé Gusti Allah piyambak, sarta kita
padha saos sukur merga dadi kagungané
Sang Kristus Yésus. Kita ora ngandel
marang tata-cara kedagingan.
4 Satemené aku iya bisa ngendel-
endelaké marang prekara-prekara
kedagingan, awit yèn ana wong sing
bisa ngendel-endelaké marang prekara-
prekara kedagingan, saya menèh
aku.
5 Aku ditetaki nalika umur wolung dina.
Aku iki wong Israèl wiwit lair mula, saka
taler[a] Bènyamin, wong Ibrani tulèn. Bab
mituhu marang Angger-anggering Torèté
wong Yahudi, aku iki wong Farisi.
6 Lan merga saka sregepku, aku
nguya-uya pasamuwan. Saupama wong
bisa dibeneraké merga enggoné netepi
Angger-anggering Torèt, aku iki wong
sing bener.

---

[a]taler: lajering bangsa.

7 Nanging kabèh prekara sing dhèk
biyèn dakanggep maédahi mau, saiki
dakanggep mitunani merga Sang
Kristus.
8 Ora mung prekara-prekara kuwi waé,
nanging kabèh prekara saiki dakanggep
mung mitunani, yèn katandhing karo
sing luwih aji, yakuwi kawruh bab Sang
Kristus Yésus, Gustiku. Merga saka Sang
Kristus kabèh mau wis dakbuwang, lan
kabèh mau dakanggep uwuh, supaya
aku bisa nampa Sang Kristus,
9 bisa tetunggilan karo Panjenengané.
Aku wis ora duwé kabeneran sing merga
saka aku dhéwé, yakuwi kabeneran
sing pinangkané saka enggonku netepi
Angger-anggering Torèt. Aku saiki
nampani kabeneran peparingé Gusti
Allah, sing kaparingaké wewaton precaya
marang Gusti Yésus Kristus.
10 Mung saprekara sing dakudi, yakuwi
kepriyé bisaku wanuh karo Sang Kristus
lan ngrasakaké pangwasané wunguné
saka ing séda, sarta ndhèrèk ngalami
sangsara lan sédané,
11 supaya wekasané aku uga
katangèkaké saka ing pati.

12 Aku ora kandha lan rumangsa wis
menang utawa wis dadi sampurna.
Nanging aku tansah ngudi bisané olèh
ganjaran[b] sing wis dicawisaké déning
Sang Kristus srana nimbali aku dadi
kagunganė.
13 Para sedulur, aku dhéwé pancèn ora
rumangsa wis menang lan olèh ganjaran,
nanging saprekara sing dakudi, yakuwi
nglalèkaké samubarang sing ana ing
mburiku lan ngetog karosanku nyandhak
apa sing ana ing ngarepku.
14 Dadiné aku mlayu ngener marang
tujuanku supaya olèh ganjaran mau,
yakuwi timbalané Gusti Allah, urip anyar,
sing dicadhangaké lantaran Sang Kristus
Yésus.
15 Mulané kita kabèh wong Kristen sing
wis padha diwasa cara rohani, kudu
padha duwé tékad sing mengkono.
Nanging yèn ing antaramu ana wong
sing béda panemuné, Gusti Allah bakal
maringi ketrangan marang kowé.

---

[b]ganjaran: Basa Indonesia "hadiah," ingkang kasukakaken dhateng tiyang ingkang menang ing perlombaan.

16 Mung waé, sing prelu: Kita kudu
manut tuladha sing wis tumindak tekan
sepréné.
17 Terusna enggonmu padha nulad
marang aku, para sedulurku! Aku wis
padha mènèhi tuladha sing becik marang
kowé, mulané padha ngiloa marang
wong-wong sing padha nganut tuladha
mau.
18 Aku wis kerep kandha bab iki marang
kowé, lan saiki dakpindhoni karo nangis,
yèn akèh wong sing uripé cengkah karo
Sang Kristus sing séda ing kayu salib.
19 Wong-wong mau bakal mungkasi
uripé ana ing nraka, awit sing dadi
brahalané hawa-nepsuning badané.
Wong-wong mau padha ngegung-
egungaké prekara-prekara sing
satemené ngisin-isini, lan mung padha
mikiraké prekara-prekara kadonyan.
20 Nanging kita iki rak putra-putra
kaswargan. Mulané kita padha
cecengklungen ngarep-arep rawuhé
Sang Juru Slamet, Gusti kita Yésus
Kristus, saka ing swarga.
21 Panjenenganè bakal ngganti badan
kita sing apes lan kena ing rusak
iki kadadèkaké mulya kaya sariranè

piyambak, srana pangwasa sing diagem
nelukaké samubarang kabèh.

4

1 Mulané sedulur-sedulurku sing
daktresnani, lan sing banget
dakkangeni, sing gawé bungah lan
mongkoging atiku! Kaya mengkono
kuduné tumindakmu, krana enggonmu
dadi wong Kristen.
2 Euodhia lan Sintikhé! Sing padha
rukun enggonmu seduluran ana ing
Gusti.
3 Semono uga kowé Sunsugos, kancaku
tunggal ing gawé sing setya, sedulur-
sedulur wadon loro kuwi tulungana;
awit wong-wong kuwi wis nyambut-
gawé sengkud karo aku martakaké
Injil, bebarengan karo Klemens lan
kanca-kancaku nyambut-gawé liyané,
sing jenengé padha katulis ana ing kitab
kauripan.
4 Tansah padha bungaha sajroné
padha dadi wong precaya. Padha
bungah-bungaha.
5 Tangkepmu karo wong kabèh sing
lembah-manah. Gusti bakal énggal
rawuh.
6 Aja padha sumelang ing bab apa
waé. Apa sing kokkarepaké aturna

marang Gusti Allah sajroning pandonga,
suwunen kanthi saos panuwun.
7 Temahan Gusti Allah bakal maringi
katentreman sing ngungkuli nalaré
manungsa, sing bakal gawé teteging
ati lan pengangen-angenmu ana ing
patunggilané Sang Kristus Yésus.
8 Wusana, para sedulurku, padha mikira
prekara-prekara sing becik lan sing
pantes dialem, yakuwi prekara-prekara
sing nyata, sing luhur, sing bener, sing
suci, sing éndah lan sing kajèn.
9 Kabèh sing padha koksinau lan sing
koktampa saka aku padha lakonana,
dadia sing rupa tembung, dadia sing
rupa penggawé. Temahan Gusti Allah
sing maringaké katentreman marang
kita, bakal nunggil karo kowé.
10 Banget bungahku déné sawisé
semono lawasé, kowé mikir aku menèh.
Kandhaku iki ora merga kowé lèrèn
saka enggonmu nggatèkaké marang
kaananku, nanging merga enggonmu
ora kober ngétokaké katresnanmu.
11 Enggonku muni mengkono kuwi, ora
kokmerga aku kapiran; awit aku wis
sinau nyukupi awakku dhéwé nganggo
apa sing dakduwèni.

12 Aku wis ngalami kecingkrangan, lan iya wis ngalami kalubèran. Aku wis ngerti wadiné, kepriyé bisané tahan ngadhepi kaanan, ing sadhéngah papan lan ing sadhéngah wektu, yèn lagi wareg, yèn lagi keluwèn, yèn lagi nandhang kalubèran, utawa yèn lagi nandhang kekurangan.
13 Sakèhing prekara daksangga srana kekuwatan sing diparingaké déning Sang Kristus marang aku.
14 Apa sing koktindakaké becik banget déné kowé wis padha nulungi aku ing sajroning kasusahanku.
15 Para sedulur ing kutha Filipi, kowé padha ngerti dhéwé, dhèk aku mangkat saka tanah Makédonia, nalika Injil lagi wiwit diwartakaké, ora ana pasamuwan sing nulungi aku; kejaba mung pasamuwanmu dhéwé sing padha mèlu ngrasakaké tuna-bathiné bebarengan karo aku.
16 Nalika aku ana ing kutha Tésalonika mbutuhaké pitulungan, kowé luwih saka sepisan ngirimaké pitulungan marang aku.
17 Ora merga aku seneng nampa pawèwèh, nanging aku kepéngin weruh

wohing precayamu, sing nggedhèkaké kauntunganmu.
18 Samubarang kabèh sing kokwènèhaké marang aku kuwi wis daktampa, wis cukup, malah luwih déning cukup! Srana pawèwèhmu sing digawa Épafroditus mau, aku saiki wis duwé apa waé sing dakbutuhaké. Pawèwèh-pawèwèhmu iki presasat ganda arum, sumaos marang Gusti Allah, pisungsung sing ketrima déning Panjenengané lan ndadèkaké renaning penggalihé.
19 Gusti Allahku bakal maringi apa sing kokbutuhaké manut kasugihané sing lubèr-lubèr ana ing Sang Kristus Yésus.
20 Pinujia Gusti Allah, Sang Rama kita ing selawasé! Amin.
21 Salamku marang sakèhing wong precaya sing dadi kagunganè Sang Kristus Yésus. Para sedulur sing padha bebarengan karo aku padha kirim salam.
22 Sedulur-sedulur Kristen kabèh padha kirim salam, semono uga sing padha ana ing wewengkoning kraton.
23 Sih-rahmaté Gusti Yésus Kristus nunggila karo kowé kabèh. Saka aku sekloron, Paulus lan Timotius

Kolose

1 [1] Layang saka Paulus, sing saka
kersané Gusti Allah katimbalan dadi
rasulé Sang Kristus Yésus, lan saka
sedulur kita Timotius,
[2] tumekaa marang umaté Gusti Allah ing
kutha Kolosé, yakuwi para sedulur kita
wong-wong Kristen, sing setya. Gusti
Allah Rama kita maringana sih-rahmat
lan katentreman marang kowé kabèh.
[3] Samasa aku ndongakaké kowé, aku
tansah padha saos sukur marang Gusti
Allah, Ramané Gusti kita Yésus Kristus,
[4] merga aku wis padha krungu bab
precayamu marang Sang Kristus Yésus,
lan katresnanmu marang umaté Gusti
Allah kabèh.
[5] Nalika pawarta sing sejati, (yakuwi
Injil), kawartakaké marang kowé,
kowé padha ngerti bab pengarep-arep
sing diparingaké lantaran Injil mau.
Precayamu lan katresnanmu alandhesan
pengarep-arep kuwi, sing kacawisaké
déning Gusti Allah ana ing swarga
kanggo kowé.

6 Injil kuwi nggawa berkah lan
diwartakaké ana ing salumahing bumi,
padha kaya sing diwartakaké ana ing
antaramu, wiwit ing dina enggonku
krungu kang kapisan bab sih-rahmaté
Gusti Allah, nganti kowé padha ngerti
temenan, apa sing diarani sih-rahmat.
7 Kowé padha krungu bab kuwi mau
saka Épafras, kancaku tunggal pangabdi
sing daktresnani. Épafras kuwi abdiné
Sang Kristus sing setya, sing makili aku
kabèh.
8 Iya Épafras sing nyritani aku kabèh
bab katresnan sing kaparingaké déning
Sang Roh Suci marang kowé.
9 Mulané, wiwit aku padha krungu
kabarmu, aku tansah padha ndongakaké
kowé. Panyuwunku muga Gusti Allah
marengaké kowé ngerti marang sakèhing
kersané; lantaran kawicaksanan lan
kawruh peparingé Sang Roh Suci.
10 Yèn wis mengkono kowé lagi padha
bisa urip kaya sing dikersakaké déning
Gusti, sarta tansah nglakoni sing gawé
renaning penggalihé Gusti Allah. Sakèhé
pegawéanmu sing becik bakal ngetokaké
woh, lan kawruhmu bab Gusti Allah
bakal saya wuwuh.

11 Muga-muga kowé padha
disantosakaké srana sarupaning
kekuwatan sing mijil saka Kratoné Gusti
Allah kang mulya, temahan kowé padha
kuwat nyangga sadhéngah prekara
klawan sabar.
12 Padha saosa sukur klawan bungah
marang Sang Rama, sing ngersakaké
kowé pantes nampa panduman sabarang
sing kacadhangaké déning Gusti Allah
kanggo umaté ana ing kratoning
pepadhang.
13 Panjenengané wis ngluwari kita saka
pangwasané pepeteng, tinuntun kanthi
slamet menyang Kratoné Putrané kang
kinasih.
14 Iya merga Sang Putra mau kita
padha kaparingan pangluwaran lan
pangapuraning dosa-dosa kita.
15 Gusti Allah kuwi ora tau kasat mripat.
Nanging Panjenenganė Sang Kristus
dadi wewujudané Gusti Allah sing ora
katon mau. Sang Kristus dadi Putra
mbarep sing luwih unggul ketimbang
karo samubarang sing katitahaké déning
Gusti Allah.
16 Iya ana ing Sang Kristus kuwi Gusti
Allah nitahaké samubarang sing ana ing

swarga lan ing bumi, barang-barang sing katon lan sing ora katon, semono uga sakèhing pangwasa sing ora kasat mripat. Gusti Allah nitahaké jagad raya iki lantaran Sang Kristus lan kagem Sang Kristus.

17 Sang Kristus wis ana sadurungé samubarang ana, lan ana ing patunggilané Sang Kristus mau samubarang kabèh kaprenahaké ana ing papané dhéwé-dhéwé.

18 Sang Kristus jumeneng sesirahé sarira, yakuwi pasamuwan. Panjenenganè dadi sumbering uripé sarira mau. Panjenenganè dadi Putra pembarep sing katangèkaké saka ing séda, supaya jumeneng sing pinunjul dhéwé ing antarané samubarang kabèh.

19 Sebab wis dadi kersané Gusti Allah piyambak menawa Sang Putra kagungan sipat ka-Allahané Gusti Allah ing sasampurnané.

20 Iya lantaran Sang Putra mau, Gusti Allah ngrukunaké samubarang kabèh karo sarirané piyambak, dadia sing ana ing bumi, dadia sing ana ing swarga, yakuwi sawisé nindakaké pirukun srana sédané Sang Putra ana ing kayu salib.

21 Dhèk biyèn uripmu adoh karo Gusti
Allah. Malah kowé padha dadi mungsuhé
Gusti Allah, merga saka penggawé utawa
tumindakmu, apa déné pikiranmu sing
ala.
22 Nanging lantaran sédané Sang Putra,
saiki kowé wis padha kadadèkaké para
mitrané Gusti Allah, sing kairid menyang
ngarsané, dadi wong-wong sing suci,
resik lan tanpa cacad.
23 Mulané kowé padha tetepa setya
nganggo dhasar precaya sing kuwat, lan
aja nganti ninggal pengarep-arep sing
wis kokrungu saka Injil. Aku, Paulus,
dadi abdiné Injil kuwi, iya Injil sing wis
diwartakaké marang saben wong ing
salumahing bumi.
24 Saiki aku rumangsa begja déné aku
nandhang kasangsaran krana kowé.
Sebab srana kasangsaranku iki, aku
kepareng ngganepi kasangsaran sing
isih kudu disandhang déning sariranė,
yakuwi pasamuwan.
25 Lan aku wis didadèkaké abdi
déning Gusti Allah kanggo ngladosi
pasamuwané, iya kanggo kebutuhanmu,
yakuwi nglantarakė pawarta saka Gusti
Allah nganti sakatogé,

26 wewadi sing ora disumurupi déning
manungsa kabèh ing jaman sing
kepungkur, sing saiki dilairaké marang
umaté.
27 Rancangané Gusti Allah yakuwi
medharaké marang umaté sepira
gedhéné lan kamulyané wewadi sing
kacawisaké kanggo para bangsa kabèh.
Sing diarani wewadi kuwi mengkéné:
Sang Kristus dumunung ana ing kowé,
kuwi ateges kowé ngrasakaké kamulyané
Gusti Allah.
28 Mangka Sang Kristus mau wis
dakwartakaké marang wong kabèh.
Aku padha mituturi lan mulang saben
wong nganggo migunakaké sarupaning
kawicaksanan, supaya saben wong
gelem daksowanaké ana ing ngarsané
Gusti Allah dadi wong sing kasukmané
diwasa ana ing patunggilané Sang
Kristus.
29 Kuwi sing dakudi tanpa ngétung
kesel, nganggo migunakaké sakèhing
kekuwatanku saka pangwasané Sang
Kristus, sing makarya ana ing aku.

2 1 Becik menawa kowé dakkandhani
sepira kangèlanku sajroné nyambut-
gawé kanggo kowé lan kanggo

wong-wong ing kutha Laodikia, apa
menèh kanggo wong-wong kabèh sing
padha ora tepung karo aku dhéwé.
2 Enggonku tumindak mengkono
mau supaya wong-wong padha lipura
atiné lan padha saya raketa enggoné
tresna-tinresnan, satemah olèh kawruh
akèh sing nyantosakaké keyakinané.
Srana mengkono wong-wong mau bakal
padha ngerti bab wewadiné Gusti Allah,
yakuwi Sang Kristus piyambak.
3 Sang Kristus kuwi presasat kunci
sing kanggo mbukak sakèhing bandha
kawicaksanan lan kawruh kagungané
Gusti Allah sing isih sinengker.
4 Mulané kowé padha dakkandhani: aja
nganti kena diapusi déning sapa waé,
nganggo alesan-alesan palsu, senajan
alesan-alesan mau katoné maton.
5 Sebab senajan aku dhéwé ora ana
ing tengahmu, nanging batinku tansah
nunggal karo kowé. Aku bungah banget
déné krungu enggonmu padha saiyeg,
ngantepi precayamu marang Sang
Kristus klawan teguh.
6 Sarèhné kowé wis ngakoni yèn Sang
Kristus Yésus kuwi Gusti, mulané padha
nunggala karo Panjenengané.

7 Padha ngoyoda ana ing Panjenenganė; uripmu bangunen alandhesan Panjenenganė, precayamu dadia mundhak teguh, kaya sing kawulangakė marang kowė. Kowė tansah padha saosa sukur.

8 Mulanė padha sing ngati-ati. Aja ana wong sing njiret kowė nganggo ngèlmu sing ora nyata lan ora ana paėdahė, sing asalė saka pangothak-athikė manungsa apa dėnė piwulanging jagad, ora saka Sang Kristus.

9 Sebab iya ana ing Sang Kristus kono, ana ing kamanungsanė, dumunung sipat ka-Allahanė Gusti Allah kabèh sawetahė.

10 Lan merga enggonmu tetunggilan karo Sang Kristus, uripmu kasampurnakakė. Sang Kristus kuwi jumeneng Gustinė sakèhing pangwasa lan pepréntahanė sing kasat mripat.

11 Samasa tetunggilan karo Sang Kristus kowė wis padha katetakan; ora merga tetak sing katindakakė dėning manungsa, nanging katetakan dėning Sang Kristus piyambak, yakuwi srana diluwari saka pangwasanė badan sing dosa iki.

12 Sebab nalika kowé dibaptis, iku
ibaraté kowé dikubur bebarengan karo
Sang Kristus, lan ing baptisan mau
kowé uga ditangèkaké bebarengan karo
Sang Kristus, merga saka precayamu
marang pangwasané Gusti Allah, sing
mungokaké Sang Kristus saka ing séda.
13 Cara kasukman, biyèn kowé wis mati
merga saka dosa-dosamu lan merga
kowé kuwi wong kapir sing uripé tanpa
angger-angger. Nanging saiki Gusti Allah
wis nangèkaké kowé bebarengan karo
Sang Kristus, amarga Gusti Allah wis
ngapura sakèhing dosa kita.
14 Panjenenganė mbatalaké layang
pratandha utang lan prenatan sing
nyancang marang kita. Kuwi kabèh
dilebur babar-pisan srana maku layang
pretandha utang mau ana ing kayu salib.
15 Ana ing kayu salib kono Sang Kristus
ngluwari sariranė saka pangwasané para
roh sing ora katon. Para pangwasa mau
didadèkaké tontonan srana diirid ana
ing arak-arakaning kemenangané Sang
Kristus.
16 Mulané kowé aja padha manut karo
prenatan-prenatan bab panganan utawa
ombèn-ombèn, utawa bab dina-dina

suci, utawa bab kraméan sasi anyar,
utawa dina Sabbat.
17 Kuwi kabèh mau rak mung
wewayanganè prekara-prekara sing
bakal kelakon. Kuwi kabèh wis
diwujudaké ana ing Sang Kristus.
18 Yèn ana wong sing ngrèmèhaké
precayamu lan ngaku-aku luwih unggul
tinimbang kowé, merga nampani
wahyu-wahyu mirunggan, sarta akon
kowé ngasoraké dhiri lan ngibadah
marang malaékat-malaékat, kowé aja
gelem. Wong sing kaya mengkono mau
padha gumunggung tanpa wewaton,
awit pikirané mung cara kadonyan,
19 lan ora ngugemi Sang Kristus, sing
jumeneng dadi Sesirah. Merga saka
pangwasané Sang Kristus badan sekojur
mau dirumat lan didadèkaké siji nganggo
ros-rosan lan urat-urat, sarta tuwuh
manut kersané Gusti Allah.
20 Kowé wis padha mati bareng karo
Sang Kristus, lan kaluwaran saka
pangwasané roh-roh sing nguwasani
alam jembar. Yagéné enggonmu urip
kokkaya wongé jagad iki? Yagéné
kowé manut prenatan-prenatan kaya
upamané:

21 "Aja ndemèk iki," "Aja ngicipi kuwi,"
"Aja nyénggol iki lan kuwi?"
22 Sawisé tumindak kuwi kabèh wis
ora ana gunané. Kuwi mung prenatan-
prenatan lan piwulang gawéané
manungsa.
23 Pancèn katoné prekara-prekara mau
kaya isi kawicaksanan, awit ngajak
ngibadah marang malaékat, laku
andhap-asor lan mesu badan klawan
keras, nanging kabèh mau ora ana
paédahé kanggo mekak hawa-nepsuné
manungsa.

3 1 Sarèhné kowé wis padha
katangèkaké bareng karo Sang
Kristus, mulané padha ngupayaa
samubarang kang ana ing swarga, ing
panggonané Sang Kristus pinarak ing
dhampar sisih tengené Gusti Allah.
2 Padha mikira sabarang kang ana ing
kana, aja sing ana ing donya kéné.
3 Sebab kowé kuwi wis mati, lan uripmu
saiki-iki peparingé Gusti Allah lantaran
Sang Kristus.
4 Gusti Yésus Kristus kang paring
gesang mau, bakal rawuh. Ing
kono kowé uga bakal ndhèrèk karo
Panjenenganė ana ing kamulyané.

5 Mulané kowé padha nyandheta
pepénginan lan hawa-nepsu sing njalari
kowé ngangah-angah, kayata: laku
jina, tindak rusuh, birahi, kepéncut,
lan karem bandha (awit karem bandha
kuwi sawijining patrap nyembah marang
brahala).
6 Merga saka prekara-prekara sing
mengkono kuwi laknaté Gusti Allah bakal
kaesokaké marang sadhéngah wong,
sing mbangkang marang Panjenengané.
7 Kowé dhéwé biyèn iya urip nuruti
pepénginan-pepénginan sing mengkono
mau, yakuwi nalika uripmu isih kaerèh
déning pepénginan-pepénginan.
8 Nanging saiki kuwi kabèh mau
padha buwangen, yaiku: seneng nepsu,
ngangah-angah lan rasa sengit. Aja
nganti kewetu pitenah utawa tembung
sing saru.
9 Aja padha goroh-ginorohan,
sebab kowé wis padha ngrucat
kamanungsanmu sing lawas
sapratingkahé,
10 sarta wis ngrasuk kamanungsan
anyar sing tansah dianyarakė déning
kang nitahaké, yakuwi Gusti Allah,
manut pasemoné Gusti Allah piyambak.

Temah kowé padha bisa wanuh karo
Panjenenganéing sasampurnané.
11 Dadiné wis ora ana wong kapir utawa
wong Yahudi menèh, wong tetakan
utawa ikutan, wong ngerti tata-krama
utawa wong alasan, batur-tukon utawa
wong merdika, nanging Sang Kristus
sing jumeneng dadi Gustiné wong kabèh
mau.
12 Kowé kuwi padha umaté Gusti
Allah. Panjenenganéngasihi kowé lan
milih kowé dadi kagungané. Mulané
padha duwéa watak welasan, sumanak,
andhap-asor, lembah-manah lan sabar.
13 Padha tulung-tinulunga lan apura-
ingapuraa, samasa panunggalanmu ana
sing duwé rasa ora kepénak atiné. Kowé
kudu apura-ingapura, kaya patrapé Gusti
ngapura kowé.
14 Malah isih kokwuwuhana menèh
katresnan, awit katresnan kuwi
nunggalaké samubarang kabèh dadi siji
klawan sampurna.
15 Atimu padha kaparingana
katentreman déning Sang Kristus,
awit iya kanggo prekara iku mau
Gusti Allah wis nimbali kowé kabèh

kadadèkaké badan siji. Padha saosa
sukur.
16 Injilé Sang Kristus tansah anaa
ing atimu kanthi lubèr. Padha wulang-
winulanga lan wuruk-winurukana klawan
kawicaksanan ing sasampurnané. Padha
ngrepèkna Masmur, kidung lan kidung
kasukman; padha mujia marang Gusti
Allah klawan saos sukur ana ing atimu.
17 Sadhéngah prekara sing koklairaké
srana tembung utawa penggawé, kuwi
kabèh lakonana atas asmané Gusti Yésus
kambi saos sukur marang Gusti Allah
Sang Rama lantaran Panjenengané.
18 Para wong wadon, padha sumuyuda
marang somahmu, kaya samesthiné ana
ing brayat Kristen.
19 Para wong lanang, bojomu padha
tresnanana lan aja pisan-pisan
kokkasari.
20 Bocah-bocah! Kuwajibanmu dadi
bocah Kristen iku tansah mbangun-
turut marang wong tuwamu, awit
sing mengkono mau gawé renaning
penggalihé Gusti Allah.
21 Para wong tuwa, aja padha gawé
laranè atiné anak-anakmu, supaya aja
padha semplah.

[22] Para batur-tukon, ing sadhéngah
prekara kowé padha manuta marang
bendaramu kadonyan, aja mung yèn
lagi ditunggoni, supaya olèh pengalem,
nanging krana saka éklasing ati, merga
saka enggonmu wedi marang Gusti
Allah.
[23] Lan apa waé sing koktindakaké,
tindakna klawan legawaning ati, kaya-
kaya kowé lagi nyambut-gawé kagem
Gusti, ora kanggo manungsa.
[24] Ngertia yèn Gusti bakal ngganjar
kowé. Kabèh sing wis kacadhangaké
déning Gusti Allah marang para umaté,
iya bakal diparingaké marang kowé.
Sebab sejatiné bendaramu sing sejati
kuwi Sang Kristus piyambak.
[25] Wong sing keluputan, bakal nyangga
keluputané, sebab Gusti Allah ora
mawang wong.
4 [1] Para bendara, padha tumindaka
sing bener lan sing adil marang para
baturmu. Élinga yèn kowé dhéwé uga
duwé bendara ana ing swarga.
[2] Sing tegen[a] enggonmu ndedonga.
Lan sajroné nindakaké mengkono padha

---

[a]tegen: tekun (bhs. Ind.).

diwaspada kanthi saos sukur marang
Gusti Allah.
3 Lan aku iya padha dongakna, supaya
Gusti Allah maringi wewengan sing becik
marang aku kanggo ngabaraké Injil,
sarta medharaké wewadiné Gusti Allah,
yaiku bab Sang Kristus. Iya prekara kuwi
sing njalari aku saiki dikunjara.
4 Aku padha dongakna supaya bisa
njlèntrèhaké wewadi mau kanthi
gamblang.
5 Srawunga karo wong-wong sing ora
precaya kanthi kawicaksanan; saben ana
wewengan pigunakna sing becik.
6 Tembungmu kudu sing sedhep
dirungokaké, sarta isi prekara sing prelu
digatèkaké déning wong, lan kowé iya
kudu bisa awèh wangsulan sing bener
marang saben wong.
7 Sedulur kita kang kinasih, Tikhikus
wong sing setya lan kanca kita nyambut-
gawé kagem Gusti, bakal nyritakaké
kaananku kabèh marang kowé.
8 Mulané dhèwèké dakkongkon
menyang panggonanmu, kanggo
nggedhèkaké atimu.
9 Tikhikus dibarengi Onésimus, sedulur
kang kinasih lan setya, sing asalé saka

ing antaramu. Sedulur-sedulur mau
bakal padha nyritakaké apa waé sing
kelakon ana ing kéné marang kowé.
10 Aristarkhus, sing dikunjara bareng
karo aku, kirim salam marang kowé,
mengkono uga Markus, nak-sanaké
Barnabas. (Kowé wis padha diweling
supaya nampani dhèwèké samasa tekan
enggonmu.)
11 Yésus, sing karan Yustus, uga kirim
salam marang kowé. Mung telu kuwi
wong Yahudi sing wis precaya, sing
nyambut-gawé bebarengan karo aku,
nindakaké pakaryané ing Kratoné Gusti
Allah. Wong-wong kuwi dadi pitulungan
gedhé tumrapé aku.
12 Salam saka Épafras, wong sing asalé
uga saka enggonmu, sing dadi abdiné
Gusti Yésus Kristus. Épafras tansah
ndongakaké kowé kabèh klawan tegen.
Panyuwuné marang Gusti Allah, supaya
kowé dadia teguh, yakin temenan, sarta
mbangun-turut marang Gusti Allah.
13 Aku dhéwé sing neksèni enggoné
sregep nyambut-gawé kanggo kowé, lan
kanggo wong-wong ing Laodikia sarta
ing Hiérapolis.

14 Dhokter Lukas kang kinasih lan
Dhémas padha kirim salam marang
kowé.
15 Salamku marang para sedulur ing
Laodikia; marang Nimfa lan marang
pasamuwan, sing padha kumpulan ana
ing omahé.
16 Sawisé layang iki diwaca, udinen
supaya uga diwaca déning pasamuwan
Laodikia. Lan mengkono uga layang
sing dikirim déning pasamuwan Laodikia
marang kowé, wacakna.
17 Déné Arkhipus kandhanana supaya
ngrampungaké kuwajibané kagem Gusti.
18 Salam saka aku, Paulus. Layang iki
daktulis dhéwé. Lan aja lali yèn aku isih
ana ing pakunjaran! Sih-rahmaté Gusti
Allah nunggila karo kowé. Saka aku
sekloron, Paulus lan Timotius

1 Tesalonika

1 [1] Layang saka Paulus, Silas lan
Timotius. Tumekaa marang para
wargané pasamuwan ing kutha
Tésalonika, iya para umaté Gusti Allah
Rama kita lan Gusti Yésus Kristus.
Gusti Allah maringana sih-rahmat lan
katentreman marang kowé kabèh.
[2] Aku tansah padha saos sukur marang
Gusti Allah merga kowé kabèh, sarta
kowé tansah padha dakélingi ana ing
pandongaku.
[3] Awit samasa aku padha ndedonga
marang Gusti Allah, Rama kita,
aku tansah padha kèlingan marang
enggonmu ngecakaké precayamu
sedina-dina, penyambut-gawému sing
ora ngétung kesel merga katresnanmu,
lan sentosaning pengarep-arepmu
marang Gusti Yésus Kristus.
[4] Para sedulur, aku padha ngerti, yèn
Gusti Allah nresnani kowé lan milih kowé
dadi kagungané.
[5] Awit biyèn enggonku padha ngabaraké
Injil marang kowé, ora mung nganggo

tembung waé, nanging uga nganggo pangwasa lan Sang Roh Suci. Apa menèh nganggo ngantepi bebeneran sing dakwartakaké. Kowé dhéwé padha weruh bab uripku nalika aku padha ana ing antaramu; kabèh mau murih becikmu.
6 Kowé wis padha nulad marang aku
lan nulad Gusti Yésus Kristus. Senajan kowé padha nemahi sangsara gedhé, éwasemono kowé padha nampani pawartané Injil mau kanthi kabungahan, sing pinangkané saka Sang Roh Suci.
7 Srana mengkono kowé padha dadi
conto tumraping para wong precaya sing ana ing tanah Makédonia lan tanah Akhaya kabèh.
8 Awit pawarta bab Gusti kuwi
sumebaré nganti tekan tanah Makédonia lan Akhaya iya merga saka kowé kabèh. Malah ora mung tekan semono, sebab kabar bab pengandelmu marang Gusti Allah kuwi wis sumebar tekan ngendi-endi. Mulané aku kabèh wis ora prelu kandha apa-apa menèh.
9 Wong-wong kuwi kabèh padha
nyritakaké bab enggonmu padha ninggal sakèhing brahala, banjur ndhèrèk Gusti,

sarta ngabekti marang Gusti Allah kang
gesang lan nyata.
10 Wong-wong mau uga padha
ngandhakaké bab enggonmu ngarep-
arep marang rawuhé Kang Putra saka
swarga, yaiku Gusti Yésus, sing wis
diwungokaké saka ing séda, lan sing
ngluwari kita saka bebenduné Gusti
Allah, sing bakal kelakon.

2 1 Para sedulur, kowé dhéwé padha
ngerti, yèn enggonku nekani kowé
kuwi ora muspra.
2 Kowé padha weruh enggonku wis
padha dianiaya lan digawé sewenang-
wenang ana ing kutha Filipi, yakuwi
sadurungé aku nekani kowé ing kutha
Tésalonika kéné. Éwasemono Gusti
Allah maringi kekendelan marang aku
supaya ngabaraké Injil sing pinangkané
saka Gusti Allah piyambak marang
kowé, senajan nalika semono akèh sing
nglawan.
3 Sing padha dakwartakaké marang
kowé kuwi dudu penasaran utawa ngemu
maksud sing ora bener. Aku uga padha
ora arep ngapusi.
4 Malah aku martakaké apa sing
dikersakaké déning Gusti Allah, sebab

Panjenengané wis nganggep aku
pantes kapasrahan ngabaraké Injil,
mulané aku padha ora arep ngénaki
atiné manungsa, nanging ngarah gawé
renaning penggalihé Gusti Allah, kang
nètèr kejujuraning sedyaku.
5 Kowé padha ngerti dhéwé, yèn
enggonku nekani kowé padha ora
nganggo tembung manis utawa tembung
lamis, kanggo ngumpetaké watak
srakah. Gusti Allah sing neksèni.
6 Aku padha ora golèk alemmu dadia
saka kowé utawa wong liyané. Senajan
aku merga dadi rasulé Sang Kristus
duwé wewenang kaya mengkono.
7 Sarèhné dadi rasul-rasulé Sang
Kristus aku padha wenang njaluk
apa-apa marang kowé, nanging nalika
aku ana ing tengahmu patrapku sarèh,
kaya ibu marang anak-anaké.
8 Merga saka tresnaku marang kowé,
aku ora mung sumedya mènèhaké Injil
sing saka Gusti Allah marang kowé waé,
nanging malah tekan nyawaku pisan.
Aku padha tresna banget marang kowé!
9 Kowé mesthi iya kèlingan, para
sedulur, bab enggonku padha nyambut-
gawé ora ngétung kesel! Aku padha

nyambut-gawé rina wengi, supaya aku
padha ora ngrépoti kowé, sajroné aku
padha ngabaraké Injilé Gusti Allah.
10 Kelakuanku ana ing tengahmu resik,
bener lan tanpa cacad. Kowé padha
dadi seksi-seksiné, mengkono uga Gusti
Allah.
11 Kowé padha weruh tangkepku
marang saben wong ing tengahmu, kaya
bapak marang anak-anaké dhéwé.
12 Kowé padha dakbombong, daklipur
lan dakwanti-wanti, supaya uripmu
padha gawé renaning penggalihé Gusti
Allah, sing wis nimbali kowé ndhèrèk
ana ing Kratoné Allah lan ngrasakaké
kaluhuurané.
13 Kejaba kuwi ana sebab liyané menèh
sing njalari aku tansah padha saos sukur
marang Gusti Allah. Yakuwi enggonmu
padha nampani Injilé Gusti Allah, sing
dakwartakaké, padha koktampani
ora kaya pawarta saka manungsa,
nanging kaya pangandikané Gusti Allah
piyambak. Lan kuwi pancèn iya kudu
mengkono; sebab Gusti Allah makarya
ana ing kowé, sing padha precaya
marang Gusti Yésus Kristus.

14 Para sedulurku, kowé padha ngalami
prekara-prekara sing uga dialami déning
para pasamuwané Gusti Allah sing
ana ing tanah Yudéa. Kowé uga padha
ngalami disiya-siya déning bangsamu
dhéwé, kaya wong-wong Kristen ing
tanah Yudéa enggoné disiya-siya déning
wong Yahudi,
15 sing nyédani Gusti Yésus, para
nabi lan uga nguya-uya aku kabèh.
Wong-wong mau banget enggoné padha
natoni penggalihé Gusti Allah! Mengkono
uga saben wong padha dimungsuh.
16 Malah padha ngalang-alangi
enggonku ngabaraké Injil sing bisa
gawé slameté bangsa-bangsa kapir.
Kuwi penggawéné dosa sing katog,
sing tansah padha dilakoni déning
wong-wong mau. Mulané saiki padha
ketaman bebenduné Gusti Allah!
17 Tumraping aku, para sedulur, bareng
pisah sawetara mangsa karo kowé
— pisah ora tumraping batin, mung
tumraping badan — aku padha kangen
karo kowé. Aku ngudi bisané ketemu
karo kowé menèh!
18 Aku padha kepéngin bali mrono. Aku,
Paulus, ora mung lagi sepisan nyoba

arep bali menyang enggonmu, nanging
tansah dialang-alangi déning Iblis.
19 Sebab iya mung kowé sing dadi
kekudanganku, kabungahanku, lan
sing gawé mongkoging atiku ana
ing ngarsané Gusti Yésus, samasa
Panjenengané rawuh.
20 Satemené kowé sing padha gawé
mongkog lan bungahing atiku!
3 1 Wusana aku padha ora betah
ngampet kangenku. Mulané luwih
becik aku kèri dhèwèkan ana ing kutha
Aténa,
2 sarta kongkonan Timotius, sedulur
kita lan kanca nyambut-gawé kagem
Gusti Allah, sing bebarengan karo
aku ngabaraké Injilé Sang Kristus.
Timotius dakkongkon mbiyantu kowé lan
nyantosakaké atimu lan precayamu,
3 supaya ana ing antaramu aja ana
wong sing murtad merga ora tahan ing
panguya-uya. Kowé dhéwé ngerti yèn
panguya-uya sing mengkono kuwi wis
dadi kersané Gusti Allah tumrap kita.
4 Nalika isih ana ing tengahmu aku
wis kandha, yèn kita bakal ngalami
panguya-uya; lan kaya sing kokngertèni

dhéwé, iya kuwi sing saiki kelakon
temenan.
5 Mulané sarèhné wis ora sabar, aku
kepeksa kongkonan Timotius, supaya
aku sumurup kepriyé kaananmu.
Kuwatirku, mbok-mbok kowé kagodha
déning Iblis, nganti pegawéanku ana ing
tengahmu muspra.
6 Saiki Timotius wis bali tekan enggonku
menèh, saka enggoné niliki kowé lan
nggawa kabar sing becik bab precayamu
lan katresnanmu. Timotius crita marang
aku, yèn penganggepmu marang aku
kabèh becik, lan uga enggonmu padha
kepéngin ketemu karo aku, kaya déné
enggonku kepéngin ketemu karo kowé.
7 Mulané, para sedulur, sajroné
nandhang kasusahan lan kasangsaran
akèh, aku padha kalipur déning
kabar sing dakrungu bab kaananmu.
Precayamu nggedhèkaké atiku.
8 Bareng krungu yèn kowé padha tetep
ngantepi Gusti, semangatku pulih.
9 Saiki kita padha bisa bungah-bungah
sarta saos sukur marang Gusti Allah
merga sakèhing kabungahan kang wis
padha koktampani ana ing ngarsané
Allah.

10 Rina wengi adreng panyuwunku
marang Gusti Allah, supaya diparengaké
ketemu karo kowé, bisaa muwuhi apa
sing isih dadi kekuranganing precayamu.
11 Muga-muga Gusti Allah, Sang Rama
piyambak, lan Gusti Yésus, kersa paring
srana bisané aku niliki kowé!
12 Lan muga-muga saka kersané
Gusti kowé padha tresna-tinresnan,
semono uga marang wong kabèh,
nganti katresnanmu mau lubèr kaya
katresnanku marang kowé!
13 Srana mengkono Gusti bakal
nyentosakaké atimu, lan kowé bakal
dadi sampurna lan suci ana ing ngarsané
Gusti Allah Sang Rama, yakuwi samasa
Gusti Yésus rawuh bareng karo wong
kabèh sing padha dadi kagungané.

4 1 Wusana para sedulur, kepriyé
patrapé urip sing gawé renaning
penggalihé Gusti Allah, padha nirua
lelakonku, iya kaya patrapé uripmu saiki
iki. Lan banget penjalukku marang kowé
ing asmané Gusti Yésus, padha nindakna
kang luwih saka kuwi!
2 Merga kowé padha ngerti piwulang
sing dakwènèhaké marang kowé atas
asmané Gusti Yésus.

3 Iki sing dikersakaké déning Gusti Allah
ing ngatasé kowé, yakuwi supaya kowé
suci lan nyirik laku jina.
4 Saben wong lanang padha ngepèka
wong wadon siji dadi bojoné, lan uripa
karo bojoné mau klawan suci lan manut
angger-anggering kasusilan.
5 Aja kaya wong-wong kapir sing ora
wanuh karo Gusti Allah, sing lakuné
padha nuruti derenging hawa-nepsu lan
birahi.
6 Ing bab iki aja ana wong sing
nyalahaké utawa ngapusi seduluré. Kowé
wis padha dakélingaké kanthi tandhes,
yèn Gusti bakal ngukum wong-wong
sing tumindaké kaya mengkono mau.
7 Gusti Allah ora nimbali kita supaya
padha laku rusuh, nanging kersané
supaya kita padha urip klawan suci.
8 Mulané sing sapa nampik piwulang
iki, ora nampik manungsa, nanging
nampik Gusti Allah piyambak, sing wis
maringaké Rohé kang suci marang kowé.
9 Aku ora prelu nulis layang marang
kowé bab tresna marang para sedulur
nunggal precaya. Kowé wis padha
diwulang dhéwé déning Gusti Allah

kepriyé patrapé enggonmu kudu
tresna-tinresnan.
10 Lan nyatané wis padha kokcakaké
marang para sedulurmu ing satanah
Makédonia kabèh. Éwadéné para sedulur,
kowé padha dakprayogakaké supaya
saya mempenga ing penggawému sing
kaya mengkono mau.
11 Padha ngudia urip klawan tentrem;
ngurusana prekaramu dhéwé, lan
ngupayaa rejekimu dhéwé, kaya sing
dakkandhakaké biyèn.
12 Srana patrap mengkono kowé bakal
kajèn ana ing tengahé wong sing ora
tunggal precaya. Lan menèh kowé iya
banjur ora gumantung karo wong liya
ing bab nyukupi kebutuhanmu.
13 Para sedulur! Aku kepéngin supaya
kowé padha ngerti temenan bab
wong-wong sing wis padha mati, supaya
atimu aja sedhih kaya wong-wong sing
padha ora duwé pengarep-arep.
14 Kita padha precaya yèn Gusti Yésus
wis séda, sarta wis wungu menèh.
Mengkono uga kita precaya, yèn
wong-wong sing padha precaya marang
Gusti Yésus, sing wis padha mati, bakal

ditunggilaké déning Gusti Allah dadi siji
karo Gusti Yésus.
[15] Piwulangé Gusti Yésus sing arep
dakkandhakaké kuwi mengkéné: Ing
dina rawuhé Gusti Yésus, kita sing
isih padha urip iki ora bakal ndhisiki
wong-wong sing wis padha mati.
[16] Mbésuk penggedhéné malaékat bakal
nguwuh paring dhawuh, lan bakal ana
swaraning kalasangkané[a] Gusti Allah;
banjur Gusti Yésus piyambak bakal
tumedhak saka ing swarga. Wong-wong
sing precaya marang Gusti Yésus lan wis
padha mati, kuwi bakal katangèkaké
dhisik.
[17] Nuli kita sing isih padha urip, bakal
kaklumpukaké kabèh ana ing méga
karo sing mentas padha katangèkaké
mau, methukaké Gusti ana ing langit.
Sebanjuré kita bakal nunggil karo Gusti
ing selawas-lawasé.
[18] Mulané kowé siji lan sijiné padha
nyantosakna precayamu srana
pangandika iki.

5 [1] Para sedulur, ora ana preluné aku
nulis marang kowé, bab mangsa lan
wektu kelakoné prekara-prekara mau.

---

[a]kalasangka: slomprèt.

2 Sebab kowé dhéwé wis padha ngerti
kanthi cetha yèn Dina rawuhé Gusti kuwi
tekané kaya maling ing wayah bengi.
3 Samasa wong-wong padha muni:
"Kabèh wis tentrem lan slamet," ing
wektu kuwi wong-wong mau ditumpes
dadakan! Wong-wong bakal ora bisa
ngoncati babar-pisan, kaya déné wong
wadon sing dadakan nglarani arep
nglairaké anak.
4 Nanging kowé, para sedulur, kowé
padha ora ana ing pepeteng, lan Dina
rawuhé Gusti bakal ora nekani kowé
kaya patrapé maling.
5 Kowé kabèh padha ana ing pepadhang,
yakuwi ing wayah raina. Kita padha ora
urip ana ing pepetenging wayah bengi.
6 Mulané kita aja padha turu kaya
wong-wong liyané. Kita kudu padha
melèk lan sing waspada.
7 Wong turu rak ing wayah bengi. Lan
wong mendem enggoné mendem uga
ing wayah bengi.
8 Nanging kita iki padha urip ing
wayah raina, mulané kudu padha éling.
Padha nganggoa sandhanganè perang,
yakuwi precaya lan katresnan minangka
keré, pengarep-arep bab keslametan

minangka topong sirah, dadia gegaman
kanggo nglawan pepeteng.
9 Gusti Allah enggoné milih kita kuwi
ora koksupaya kita katempuh ing
bebenduné, nanging supaya kita padha
olèh keslametan lantaran Gusti kita
Yésus Kristus.
10 Gusti Yésus séda kanggo kita,
supaya mbésuk samasa Panjenengané
rawuh, kita padha urip bebarengan karo
Panjenengané, senajan ing dina rawuhé
mau kita isih padha urip utawa wis
padha mati.
11 Mulané kowé padha éling-ingélingna
lan padha tulung-tinulunga kaya sing
koktindakaké saiki.
12 Penjalukku marang kowé para
sedulur, kowé padha ngajènana wong-
wong sing padha nyambut-gawé ana
ing tengahmu, yakuwi wong-wong sing
padha katimbalan nuntun lan memulang
marang kowé.
13 Ajènana sing temenan lan tresnanana
merga saka pegawéan sing padha
ditindakaké. Padha sing rukun.
14 Para sedulur, kowé padha dakweling
supaya ngélingaké marang wong-wong
sing kesèd nyambut-gawé. Wong sing

cilik atiné padha bombongen; sing
sèkèng padha tulungana, lan padha sing
sabar.
15 Aja ana sing males piala, nanging
selawasé ngudia nindakaké kabecikan
marang pepadhamu lan marang wong
kabèh.
16 Tansah padha bungaha,
17 lan ndedongaa.
18 Padha saosa sukur ing sadhéngah
kaanan. Kaya mengkono kuwi sing
dikersakaké déning Gusti Allah ana ing
patunggilané Gusti Yésus.
19 Aja padha nyegah pakaryaning Rohé
Gusti Allah.
20 Aja padha ngrèmèhaké pawarta-
pawarta sing kaparingaké déning Sang
Roh Suci.
21 Samubarang titinen; sing becik
enggonen.
22 Padha ngedohana sarupaning piala.
23 Muga-muga Gusti Allah sing maringi
katentreman marang kita, nucèkaké
kowé ing sasampurnané, sarta ngreksa
sukma, nyawa lan badanmu supaya
kalis saka sakèhing keluputan, mbésuk
samasa Gusti kita Yésus Kristus rawuh.

24 Gusti Allah sing nimbali kowé kuwi
setya tuhu, mulané kabèh mau mesthi
bakal kelakon.
25 Para sedulur, aku kabèh padha
dongakna!
26 Salamku kang suci iki terusna
marang para sedulur.
27 Penjalukku, atas Asmané Gusti,
layang iki wacakna marang para sedulur
kabèh.
28 Sih-rahmaté Gusti kita Yésus Kristus
nunggila karo kowé kabèh. Saka aku
wong telu, Paulus, Silas lan Timotius

2 Tesalonika

1 1 Layang saka Paulus, Silas
lan Timotius, tumekaa marang
warganing pasamuwan ing kutha
Tésalonika, iya para umaté Gusti Allah,
Rama kita lan Gusti Yésus Kristus.
2 Muga Gusti Allah Rama kita lan Gusti
Yésus Kristus maringana sih-rahmat lan
katentreman marang kowé.
3 Aku tansah padha saos sukur marang
Gusti Allah merga saka kowé kabèh,
para sedulur. Kuwi wis samesthiné,
merga precayamu tansah saya tambah,
lan enggonmu tresna-tinresnan uga saya
mundhak.
4 Yakuwi sebabé aku dhéwé mongkog
ana ing pasamuwan-pasamuwané Gusti
Allah. Aku padha mongkog tumrap
enggonmu padha tetep precaya ana ing
satengahing panganiaya lan kasangsaran
rupa-rupa sing kokalami.
5 Iya ana ing kéné iki ketitiké, yèn Gusti
Allah kuwi adil temenan. Merga saka
enggonmu nandhang sangsara krana
Gusti Allah kuwi mulané kowé bakal

padha dadi wong sing pantes nampani
sakèhing kabegjan ana ing Kratoné
Allah.
6 Gusti Allah bakal nindakaké
kaadilan: Panjenenganè bakal nekakaké
kasangsaran marang wong-wong sing
padha nganiaya marang kowé.
7 Sarta paring panglipur marang
kowé sing padha katindhes, mengkono
uga marang aku kabèh. Prekara mau
katindakaké déning Gusti Allah mbésuk
samasa Gusti Yésus tumedhak saka ing
swarga karo para malaékaté sing gedhé
pangwasané,
8 lan srana geni murub. Panjenenganè
enggoné ngukum wong-wong sing padha
ora wanuh karo Gusti Allah lan sing
padha nampik Injilé Yésus Gusti kita.
9 Wong-wong mau bakal nandhang
bebenduné Gusti Allah sing langgeng
minangka paukumané, lan bakal padha
diedohaké saka ngarsané Gusti lan saka
kamulyaning pangwasané;
10 yakuwi ing Dina rawuhé, samasa
Panjenenganè kamulyakaké déning para
kagunganè sarta nampani pakurmatan
saka wong precaya kabèh. Kowé uga
bakal ana ing antarané para kagunganè

mau, awit kowé wis padha precaya
marang Injil sing padha dakwartakaké
marang kowé.
11 Iya merga saka kuwi aku tansah
padha ndongakaké kowé. Aku padha
nyenyuwun supaya Gusti Allah mbangun
uripmu, supaya kowé padha dadi
sembada, cocog karo timbalanmu.
Muga-muga srana pangwasané,
Gusti Allah njurungi pangudimu
marang kabecikan lan nyampurnakaké
penggawéné precayamu.
12 Srana mengkono asmané Gusti kita
Yésus Kristus kaluhuraké merga saka
kowé, lan kowé uga nampa kaluhuran
merga saka Panjenengané; kuwi kabèh
merga saka sih-rahmaté Allah kita lan
Gusti Yésus Kristus.

2 1 Bab rawuhé Gusti kita Yésus
Kristus lan bab enggon kita
mbésuk kaklumpukaké tunggal karo
Panjenengané, penjalukku marang
kowé, para sedulur:
2 Kowé aja gampang digawé bingung
déning wong sing kandha, yèn Dina
rawuhé Gusti kuwi wis cedhak. Bisa uga
ana sing ngramalaké utawa mulangaké

mengkono; utawa ana sing kandha yèn
kuwi mau wis katulis ana ing layangku.
3 Kowé aja padha kena diapusi déning
sapa waé. Sebab Dina rawuhé Gusti
kuwi ora bakal kelakon sadurungé ana
pembrontakan sing pungkasan lan
munculé si Manungsa Duraka, yakuwi
sing pinesthi bakal mlebu ing nraka.
4 Si Manungsa Duraka mau bakal
nglawan marang sedhéngah sing
disembah déning manungsa lan
samubarang sing dianggep Allah
déning manungsa. Si Manungsa Duraka
kuwi bakal ngluhuraké awaké dhéwé
ngungkuli sekabèhé, malah bakal mlebu
ing Pedalemané Allah, sarta ngaku-aku
Allah.
5 Apa kowé padha ora kèlingan, yèn
kabèh mau wis dakkandhakaké marang
kowé nalika aku ana ing tengahmu?
6 Éwadéné saiki isih ana prekara
sing nyegah kelakoné mau, lan kowé
wis padha ngerti. Ing wektu sing wis
katemtokaké, si Manungsa Duraka bakal
muncul.
7 Malah meneng-meneng kadurakan
mau saiki lagi tumindak. Nanging

prekara mau kelakoné menawa sing
nahan wis kasingkiraké.
8 Si Manungsa Duraka bakal ngétok,
lan sarawuhé Gusti Yésus bakal numpes
wong mau srana nafasing tutuké, sarta
samasa Panjenenganÿ rawuh menèh
ngagem kamulyané, bakal kasirnakaké.
9 Si Manungsa Duraka mau bakal
teka nganggo pangwasané Iblis
lan gawé mujijat rupa-rupa sarta
pretandha-pretandha sing palsu, apa
déné kaélokan-kaélokan.
10 Dhèwèké bakal migunakaké
sedhéngahing réka daya sing ala tumrap
wong-wong sing bakal padha nemu
karusakan, merga ora padha gelem
nampani lan rumaket marang kayektèn
sing njalari slameté.
11 Yakuwi sebabé Gusti Allah ngutus
daya sing nasaraké wong-wong mau,
supaya padha precaya marang sing ora
bener.
12 Temahan wong-wong sing padha ora
precaya marang kayektèn, lan malah
seneng urip ing sajroning dosa, bakal
padha ketaman ing bebendu.
13 Aku padha kuwajiban tansah saos
sukur marang Gusti Allah merga kowé

padha dikasihi déning Panjenengané,
awit Gusti Allah wis milih kowé
dadi wong-wong sing bakal nampa
keslametan. Srana pangwasané Rohé,
lan merga precayamu marang kayektèn,
kowé padha kadadèkaké umaté Gusti
Allah kang suci.
14 Enggoné Gusti Allah nimbali kowé
mau lantaran Injil sing dakwartakaké
marang kowé. Panjenengané nimbali
kowé, supaya kowé padha duwé
panduman ing kamulyané Gusti kita
Yésus Kristus.
15 Mulané para sedulur, kowé padha
sing bakuh, padha gondhèlana marang
sakèhé piwulang sing wis dakwarahaké
marang kowé, dadia srana tembung,
utawa srana layang.
16 Muga Gusti Yésus Kristus piyambak,
lan Gusti Allah Rama kita ngasihi kita, lan
maringi panglipur sarta pengarep-arep
kang langgeng marang kowé ana ing
sajroning sih-rahmaté. Panjenengané
ngebakana atimu srana kekendelan, lan
maringi kekuwatan marang kowé kanggo
nindakaké sakèhing prekara kang becik
klawan penggawé lan tembung.
17 (2:16)

3 1 Sebanjuré para sedulur, aku
dongakna, supaya pawarta bab
Gusti kita énggal sumebar, lan padha
ditampani kaya nalika diwartakaké
marang kowé.
2 Nyenyuwuna uga supaya Gusti Allah
ngluwari aku kabèh saka penggawéné
wong sing ambek siya lan wong ala. Awit
ora kabèh wong padha precaya marang
pawarta mau.
3 Nanging Gusti kita setya.
Panjenengané bakal nyantosakaké kowé
lan ngayomi kowé saka pangwasané
Iblis.
4 Aku precaya marang Gusti Allah bab
kaananmu. Aku yakin yèn kowé padha
nindakaké pituturku lan bakal nindakaké
terus.
5 Muga Gusti Allah nuntun atimu dadi
saya ngerti marang sihé lan padha
diparingi ati sing mantep déning Sang
Kristus.
6 Para sedulur! Atas Asmané Gusti Yésus
Kristus, kowé padha dakweling, supaya
padha ngedohana sedulur-sedulur sing
kesèd nyambut-gawé, sing padha ora
manut marang piwulangku.

7 Kowé dhéwé padha ngerti yèn kowé
kudu padha nglakoni kaya sing padha
daktindakaké. Nalika aku ana ing
tengahmu, aku padha ora kesèd.
8 Aku padha emoh nampa pawèwèh
saka sapa waé kanthi lelahanan.[a]
Malah aku rina wengi tansah padha
nyambut-gawé klawan rekasa, supaya
aku aja padha dadi gawéné wong ana
ing antaramu.
9 Enggonku tumindak mengkono mau
ora merga aku ora wenang njaluk
sumbangan marang kowé, nanging
merga aku padha kepéngin awèh tuladha
marang kowé, supaya padha koktiru.
10 Nalika isih ana ing tengahmu aku wis
tau kandha karo kowé: "Sapa sing ora
gelem nyambut-gawé, aja mangan."
11 Pituturku sing mengkono kuwi merga
aku krungu yèn ana ing tengahmu ana
wong sawetara sing kesèd nyambut-
gawé lan gawéné mung ngrusuhi
urusané wong liya.
12 Atas Asmané Gusti Yésus Kristus,
wong-wong mau dakélingaké, supaya
padha nyambut-gawé lan mangan
pametuning pegawéané dhéwé.

---

[a]lelahanan: cuma-cuma (bhs. Ind.).

13 Nanging kowé para sedulur, aja
padha bosen nglakoni penggawé becik.
14 Bisa uga ing antaramu ana wong
sing ora gelem manut karo surasané
layang sing dakkirim iki. Menawa ana
sing mengkono, wong kuwi singkirana,
lan aja koksrawungi, supaya wong mau
isin.
15 Nanging wong mau aja kokanggep
mungsuh; malah padha élingna kaya
déné sedulur.
16 Muga Gusti piyambak, tuking
keslametan, tansah maringana
katentreman marang kowé, ing
sedhéngah kaanan; Gusti nunggila karo
kowé kabèh.
17 Salam saka Paulus! Pérangan iki
sing nulis aku dhéwé. Saben layangku
daktandhatangani mengkéné iki.
18 Sih-rahmaté Gusti Yésus Kristus
nunggila karo kowé kabèh. Saka aku
wong telu, Paulus, Silas lan Timotius

1 Timotius

1 [1] Layang saka Paulus, sing saka
kersané Gusti Allah dadi rasulé
Gusti Yésus Kristus, Juru Slamet, lan
landhesaning pengarep-arep kita,
[2] tumekaa marang Timotius, anakku
kasukman kang sejati, sing wis
daktuntun nganti precaya marang Gusti
Yésus Kristus. Gusti Allah Sang Rama
lan Sang Kristus Yésus, Gusti kita,
maringana palimirma, sih-rahmat lan
katentreman marang kowé.
[3] Karepku kowé tetepa ana ing kutha
Éfesus, kaya piwelingku marang
kowé, nalika aku menyang tanah
Makédonia. Sebab ing kutha Éfesus
ana wong sawetara sing mulangaké
piwulang-piwulang palsu. Wong-wong
kuwi penggaken,
[4] kandhanana supaya aja padha
ngudhal dongèng-dongèng lan sarasilahé
para leluhur sing ora ana entèké. Kuwi
mung marakaké padu, lan ora ana
paédahé tumrap rancangané Gusti Allah

bab keslametan kang wis kita sumurupi
lantaran precaya.
5 Maksudé piwelingku iki supaya tuwuha
katresnan saka ati kang resik, saka
swaraning ati lan kaprecayan sing murni.
6 Ana wong sawetara sing wis nyimpang
lakuné, banjur kèlu ing omongan sing
ngayawara.[a]
7 Karepé padha arep dadi guru Angger-
anggeré Torèt, nanging nyatané padha
ora ngerti apa sing diomongaké dhéwé,
utawa ora paham karo prekara-prekara
sing diucapaké lan diyakini mau.
8 Kita padha ngerti yèn Angger-anggeré
Torèt kuwi becik, angger dienggo ing
samesthiné.
9 Kita kudu éling, yèn angger-angger
kuwi ora dicawisaké kanggo wong-wong
sing becik, nanging kanggo wong-wong
ala, sing padha nampik Gusti Allah, lan
sing uripé tanpa Gusti Allah; sing matèni
bapa-biyungé; sing gawéné matèni
wong,
10 sing laku jina, sing nindakaké jindik,[b]
sing gawéné nyulik, sing gawéné goroh,
sing dadi seksi palsu lan sedhéngah wong

---

[a]ngayawara: tanpa guna.
[b]jindik: homoseks.

sing nindakaké penggawé-penggawé
sing cengkah karo piwulang sing bener.
11 Piwulang sing bener kuwi ana ing
Injil, sing dipitayakaké marang aku,
supaya dakwartakaké, iya Injil saka
Gusti Allah, sing mahamulya lan sing
Asmané pantes pinuji-puji.
12 Aku ngaturaké panuwun marang
Sang Kristus Yésus, Gusti kita, sing wis
maringi kekuwatan marang aku, kanggo
nglakoni pegawéanku. Aku ngaturaké
panuwun, merga Panjenengané
nganggep aku pantes nindakaké
pegawéan kuwi lan Panjenengané wis
netepaké aku supaya nglakoni pegawéan
mau.
13 Senajan biyèn Panjenengané
dakala-ala, daksiya-siya lan dakgawé
sawenang-wenang, nanging Gusti
Allah melasi aku, awit nalika semana
aku ora precaya marang Gusti Yésus
Kristus. Dadi aku ora ngerti apa sing
daktindakaké.
14 Éwasemono Gusti maringaké sih-
rahmaté nganti lubèr-lubèr marang
aku, sarta aku diparingi precaya lan
katresnan, sing saiki padha kita duwèni

merga enggon kita katunggalaké karo
Gusti Yésus Kristus.
15 Tembung iki nyata, wajib ditampa
lan diprecaya, yakuwi: "Yèn rawuhé
Sang Kristus Yésus ana ing jagad, arep
mitulungi wong dosa supaya slamet."
Déné aku iki wong dosa sing ala dhéwé.
16 Nanging iya merga kaananku sing
mengkono mau Gusti Allah kersa
melasi aku, supaya Sang Kristus Yésus
ngetingalaké kesabarané ing sakatogé
srana enggoné nylametaké aku, wong
dosa sing ala dhéwé iki. Lan iki supaya
dadi conto kanggo wong-wong ing
sapungkurku sing padha precaya
marang Panjenenganė lan kaparingan
urip langgeng.
17 Kagem Panjenenganė, Ratu
langgeng, kang gesang selawasé lan
kang ora katon, yakuwi Allah Kang
Mahatunggal. Panjenenganė kacaosana
sakèhing pakurmatan lan kamulyan ing
selawasé. Amin!
18 Anakku Timotius, kowé dakpasrahi
kuwajiban iki, cocog karo sing biyèn
wis kawangsitaké mungguh ing kowé.
Tembung-tembung iki dadia gamanmu
kanggo perang kang utama iki,

19 klawan ngandhemi precayamu lan
swaraning batin kang resik. Ana wong
sing ora ngrungokaké marang swaraning
batiné, temah ngrusak precayané.
20 Upamané Himénéus lan Alèksander,
sing wis dakpasrahaké marang
Iblis, supaya padha kapok enggoné
nyenyamah marang Gusti Allah.

2 1 Penjalukku sing dhisik dhéwé,
yakuwi supaya pandonga, panyuwun
lan pamuji sokur kasaosna marang Gusti
Allah kanggo wong kabèh,
2 kanggo para raja lan para penggedhé,
supaya kita bisa urip klawan ayem lan
tentrem, sajroné nindakaké pangibadah
marang Allah lan tingkah laku sing bener.
3 Iya mengkono mau sing becik lan
gawé renaning penggalihé Gusti Allah,
Juru Slamet kita.
4 Awit Panjenengané ngersakaké
supaya wong kabèh padha kaslametaké
lan ngerti bab bebeneran sing sejati.
5 Awit Gusti Allah kuwi siji lan iya
siji sing ngrukunaké Gusti Allah karo
manungsa, yaiku Kristus Yésus.
6 Panjenengané sing ngurbanaké
sarirané piyambak kanggo nebus
manungsa kabèh. Kuwi buktiné yèn

Gusti Allah ngersakaké supaya wong
kabèh padha kaslametaké ing wektu
sing wis katemtokaké.
7 Lan iya kuwi sing njalari aku
katimbalan dadi rasul (utusan) lan
guruné para bangsa kapir, kadhawuhan
martakaké pawarta bab precaya lan
kayektèn. Aku ora goroh. Aku kandha
sanyatané.
8 Mulané aku kepéngin supaya ing
ngendi waé wong lanang padha
ndedonga klawan pasrah marang
Gusti Allah, ora nganggo nepsu utawa
bebantahan.
9 Mengkono uga aku kepéngin supaya
wong wadon padha presaja lan padha
menganggo sing pantes. Aja nganggo
tatanan rambut sing néka-néka, utawa
nganggo rerenggan mas-masan, mutiara
utawa sandhangan sing larang-larang.
10 Nanging menganggoa rerenggan
arupa penggawé becik, mengkono mau
patrapé wong wadon sing ngabekti
marang Gusti Allah.
11 Wong wadon kudu sinau anteng lan
andhap-asor.

12 Aku ora nayogyani wong wadon
memulang utawa ngwasani wong
lanang; wong wadon kudu anteng.
13 Sebab sing dititahaké dhisik Adam,
banjur lagi Kawa.
14 Lan iya dudu Adam sing kagodha,
nanging wong wadon sing kena ing
godha lan nerak angger-anggeré Gusti
Allah.
15 Éwadéné wong wadon bakal
kaslametaké merga saka enggoné anak-
anak, angger wong mau lestari enggoné
ngantepi precayané, katresnané lan
kasucèné klawan andhap-asor.

3 1 "Menawa ana wong sing kepéngin
dadi panuntuné pasamuwan, kuwi
ateges wong mau seneng nindakaké
pegawéan sing utama banget." Kuwi
bener!
2 Mulané panuntuné pasamuwan mono
kudu wong sing tanpa cacad, bojoné
mung siji, bisa mekak pepénginané,
wicaksana lan tata-krama; gelem awèh
penginepan marang wong neneka; kudu
pinter mulang,
3 ora kena karem ngombé minuman
keras, wong sing sarèh, sing sumèh

lan sing senengé rerukunan. Ora mata
dhuwiten;
4 kudu bisa ngerèh brayaté dhéwé,
lan nggulawenthah anaké nganti padha
nurut lan ngurmati marang dhèwèké.
5 Awit yèn wong ora bisa ngerèh
brayaté dhéwé, kepriyé bisané ngemong
pasamuwané Gusti Allah?
6 Aja wong sing durung suwé olèhé
mratobat, supaya aja dadi gumunggung,
banjur kena ing paukuman kaya Iblis
biyèn.
7 Kudu wong sing kajèn ing sanjabané
pasamuwan, supaya wong mau aja
dirèmèhaké déning wong, banjur tiba
ing kalaning Iblis.
8 Para juru tetulunging pasamuwan
iya kudu wong sing wataké becik lan
sing jujur; ora kena wong sing seneng
minuman keras utawa karem bandha.
9 Wong-wong mau kudu ngandhemi
piwulanging pasamuwan, manut
prenatané Gusti Allah. Lan kudu dilakoni
klawan ati sing resik.
10 Wong-wong kuwi kudu ditètèr dhisik,
lan yèn wis ketitik becik, lagi olèh miwiti
pegawéané.

11 Bojoné juru-tetulung mau iya kudu
wong sing wataké becik, ora dhemen
nyatur pialané wong liya; kudu mekak
pepénginané lan jujur ing sedhéngah
prekara.
12 Juru-tetulung uga kudu wong sing
bojoné siji lan bisa ngerèh anak-anaké
lan brayaté dhéwé.
13 Wong-wong sing enggoné leladi
becik kuwi ana ing pasamuwan kajèn,
temahan saya kendel enggoné nglairaké
paseksi bab precayané marang Gusti
Yésus Kristus.
14 Layang iki daktulis kanggo kowé,
senajan aku kepéngin énggal teka dhéwé
lan ketemu karo kowé.
15 Preluné saupama tekaku nganti
kasèp, saka layang iki kowé wis bisa
ngerti kepriyé kuduné tangkep kita
ana ing brayaté Gusti Allah, yakuwi
pasamuwan kagungané Gusti Allah kang
sipat gesang. Pasamuwan kuwi dadi
saka lan dadi dhasaré kabeneran.
16 Kabèh wong ngakoni yèn pangibadah
kita iki ngemu wewadi gedhé banget,
cethané mengkéné: "Gusti Yésus
ngetingal awujud manungsa, kaleresané
sineksènan déning Sang Roh Suci,

lan disumurupi déning malaékat. Panjenengané kawartakaké marang para bangsa, ditampa klawan precaya déning jagad lan wis sinengkakaké menyang swarga."

4

1 Sang Roh Suci wis ngandika klawan
cetha, yèn ing tembé bakal ana wong sawetara sing padha murtad; wong-wong mau bakal padha kèlu karo roh-roh dora-cara[c] lan nganut piwulangé sétan-sétan.

2 Piwulang-piwulang mau asalé saka pambujuké wong-wong goroh, lan saka wong-wong sing swaraning batiné wis mati.

3 Padha menging kita supaya aja jejodhoan, lan nyirik panganan iki utawa kuwi. Nanging Gusti Allah maringaké pangan rupa-rupa mau supaya dipangan déning wong-wong precaya sing wis wanuh marang kayektèn sing sejati, mulané padha saos sukur.

4 Awit samubarang sing dititahaké déning Gusti Allah kuwi becik, ora ana siji waé sing karam. Mulané samubarang kudu ditampani kanthi saos sukur, marang Gusti Allah.

---

[c] dora-carah: goroh.

5 Awit kabèh mau wis disucèkaké déning
pangandikané Gusti Allah lan déning
pandonga.
6 Menawa prekara-prekara mau
kokwulangaké marang para sedulur,
kowé padha dadi abdiné Sang Kristus
Yésus sing utama. Kaya déné urip
kasukmanmu dhéwé iya kasantosakaké
srana pangandikané Gusti Allah lan
srana piwulang sejati sing wis kokanut
tekan sepréné.
7 Singkirana gugontuhon, awit kuwi ora
patut digunem. Awakmu gulawenthahen
supaya uripmu kaya sing dadi kersané
Gusti Allah.
8 Latihaning badan paédahé mung
sawetara, nanging panggulawenthahé
batin kuwi maédahi ing sadhéngah
prekara, ndadèkaké beciking urip kita,
saiki lan mbésuk ing akérat.
9 Iki pepéling sing bener, lan wajib
digatèkaké lan diugemi sing temenan.
10 Iya merga saka kuwi kita padha
mersudi lan nyambut-gawé pethel,
sebab aku padha ngendelaké marang
Gusti Allah kang sipat gesang, kang dadi
Juru Slameté wong kabèh, luwih-luwih
tumrapé wong sing precaya.

11 Prekara-prekara mau konen mersudi
sing temenan lan wulangna.
12 Aja ana wong sing ngrèmèhaké
kowé merga enggonmu isih enom,
nanging kowé dadia tuladha tumrap
para wong precaya, iya pitembunganmu,
kelakuanmu, katresnanmu, precayamu
lan resiking atimu.
13 Wektumu enggonen macakaké Kitab
Suci ana ing satengahing pasamuwan lan
enggonen memulang tuwin memuruk,
nganti satekaku.
14 Udinen supaya peparing kasukman
saka Gusti Allah marang kowé ora
muspra, yakuwi sing kaparingaké
marang kowé, lantaran pangandikané
para nabi lan katetepaké srana
tumpangan tangan déning para
pinituwa.
15 Prekara-prekara mau tindakna
lan gatèkna sing temenan. Supaya
kemajuanmu kasumurupan déning wong
kabèh.
16 Jaganen awakmu dhéwé, lan jaganen
piwulangmu. Terusna enggonmu
nindakaké kuwi mau kabèh, awit
yèn kowé tumindak mengkono, kowé
bakal nylametaké awakmu dhéwé lan

wong-wong sing padha ngrungokaké
marang piwulangmu.

5 [1] Wong sing luwih tuwa tinimbang
kowé, aja koksrengeni, nanging
wong mau anggepen bapakmu dhéwé
lan ajaken rembugan. Para nonoman
anggepen sedulur-sedulurmu,
[2] wong wadon sing luwih tuwa anggepen
ibumu lan wong-wong wadon sing luwih
enom anggepen adhimu, kanthi ati sing
resik.
[3] Wong-wong wadon sing pancèn
randha temenan padha ajènana.
[4] Nanging randha sing duwé anak
lan putu, para anak lan putuné
mau kudu koksinaoni nindakaké
kuwajibané tumrap brayaté dhéwé
ing bab pangibadah, lan kuwajiban
males kabecikané wong tuwané lan
mbah-mbahé. Sing mengkono mau gawé
renaning penggalihé Gusti Allah.
[5] Nanging wong wadon sing pancèn
randha temenan lan ora duwé wong
sing ngrumati dhèwèké babar-pisan,
kuwi sing diandelaké mung Gusti Allah
piyambak. Rina wengi wong mau tansah
ndedonga marang Gusti Allah nyuwun
pitulunganė.

6 Nanging randha sing uripé mung golèk
kasenengan kuwi satemenè wis mati,
senajan wong mau isih urip.
7 Randha-randha padha tuturana kaya
kandhaku ing ngarep mau, supaya uripé
tanpa cacad.
8 Nanging menawa ana wong sing ora
ngrumati seduluré, luwih-luwih brayaté
dhéwé, wong mau nyélaki precayané lan
luwih ala ketimbang karo wong kapir.
9 Wong randha kena koklebokaké
daftaré para randha yèn umuré wis
sewidak taun, sing mung kawin sepisan,
10 tur sing kondhang merga
penggawéné becik; yakuwi sing wis
nggedhèkaké anak-anaké kanthi becik,
dhangan mènèhi penginepan marang
wong neneka, andhap-asor, seneng
tetulung marang wong kasusahan, lan
nglakoni sakèhing pegawéan sing becik.
11 Randha-randha sing isih enom,
aja koklebokaké ing daftar mau, awit
menawa wong-wong mau kepéngin
omah-omah menèh, banjur padha
nyingkur marang Sang Kristus,
12 dadiné padha luput merga nyélaki lan
ngungkiri janjiné sing sekawit marang
Panjenengané.

13 Wong-wong mau padha nanjakaké
wektuné kanggo mlebu metu omahé
wong tanpa nyambut-gawé apa-apa,
malah luwih ala menèh, enggoné
banjur nyatur wong lan nyampuri
urusané wong liya, apa menèh nggunem
prekara-prekara sing ora mesthiné
digunem.
14 Karepku supaya randha-randha sing
isih enom kuwi padha omah-omaha
waé, karebèn padha duwé anak lan
ngurusi brayaté dhéwé; supaya aja
dadi dhadhakané satru-satru kita padha
ngala-ala marang kita.
15 Awit ana randha-randha sing kesasar
lan kèlu marang Iblis.
16 Yèn ana wong Kristen duwé
sedulur sing wis randha, kuwi kudu
mbiyantu randha mau, supaya aja
dadi momotané pasamuwan. Srana
mengkono pasamuwan bisa ngopèni
randha-randha sing ora duwé sedulur
babar-pisan.
17 Para pinituwa sing nyambut-gawé
dadi panuntun-panuntun sing becik,
kuwi kudu dianggep pantes nampani
pituwas tikel, luwih-luwih sing nyambut-

gawé sregep, kayata gawé khotah lan
memulang.
18 Awit ing Kitab Suci ana pangandika:
"Sapi sing kanggo nggiling pari,
cangkemé aja dibrangus," lan: "Wong
sing nyambut-gawé, pantes nampani
opahé".
19 Yèn ana pandakwa marang sawijining
pinituwa, aja kokladèni, kejaba yèn
diajokaké nganggo seksi loro utawa telu.
20 Wong sing nglakoni dosa padha
welèhna ana ing ngarepé wong kabèh,
supaya wong-wong liyané uga padha
wedi.
21 Kowé dakweling temenan ana ing
ngarsané Gusti Allah lan Gusti Yésus
Kristus, tuwin para malaékat suci:
kandhaku mau lakonana tanpa nganggo
sujana[d] marang sapa waé. Sajroné
nindakaké pegawéanmu, aja nganggo
pilih kasih.
22 Aja kesusu netepaké wong dadi
peladèn ana ing pakaryané Gusti
nganggo tumpangan tangan. Aja katut-
katut ing dosané wong liya. Awakmu
jaganen supaya tansah resik.

---

[d] sujana: prasangka (bhs. Ind.).

23 Kowé aja mung ngombé banyu thok,
nanging dokokana anggur sethithik
kanggo mbiyantu wetengmu, supaya
kowé ora bola-bali lara.
24 Ana wong sawetara sing dosané
katon cetha, senajan durung ditetepaké
déning pengadilan. Nanging sawetara
wong liyané ana sing dosané lagi ketitik
mbésuk.
25 Semono uga penggawé becik, kuwi
gampang kasumurupan, malah senajan
sing ora katon cetha pisan, meksa ora
kena didhelikaké.

6 1 Para batur-tukon Kristen kudu
padha ngajèni marang bendarané,
supaya asmané Gusti Allah lan piwulang
kita aja diala-ala déning wong.
2 Para batur-tukoné wong Kristen
aja ngrèmèhaké bendarané, awit
padha-padha dadi wong Kristen, malah
enggoné ngladèni bendarané mau kudu
saya luwih becik, sebab bendarané sing
diladèni mau iya wong precaya, sing
wajib koktresnani. Prekara-prekara iki
warahna lan wulangna.
3 Sing sapa mulangaké pathokan-
pathokaning precaya sing sulaya karo
pangandikané Gusti kita Yésus Kristus,

lan sulaya karo piwulangé pangibadah
kita,
4 kuwi wong sing gumedhé, sing
rumangsané pinter, nanging luguné
ora ngerti apa-apa. Wong kuwi
kepatuh dhemen dhébatan lan èyèl-
èyèlan prekara tembung lan kuwi
nuwuhaké drengki, pasulayan, pitenah,
sanggarunggi,
5 lan regejegan sing ora uwis-uwis.
Wong-wong kuwi padha keblinger,
lan ora ngerti prekara sing bener.
Pengirané pangibadah mono kanggo
golèk kasugihan.
6 Pangibadah kuwi pancèn marakaké
wong dadi sugih, yakuwi samasa wong
mau marem karo apa sing diduwèni.
7 Awit apa ta sing kita gawa menyang
ing donya iki? Lan apa sing arep kita
gawa yèn kita ninggalké donya iki?
8 Yèn mengkono kanggoné kita rak wis
cukup samasa kita wis duwé sandhang
lan pangan.
9 Nanging sing sapa kepéngin dadi
sugih, bakal kena ing panggodha,
lan kepéncut marang prekara-prekara
sing tanpa guna lan gawé cilaka, sing

nyemplungaké manungsa ana ing
juranging karusakan.
10 Awit karem bandha kuwi uwiting
sarupaning piala. Sebab saka enggoné
mburu dhuwit ana wong sing padha
nyimpang saka precayané lan wekasané
nyiksa awaké dhéwé awujud kasusahan
rupa-rupa.
11 Nanging kowé sing dadi abdiné Gusti
Allah, prekara-prekara sing mengkono
kuwi kabèh singkirana. Ngudia supaya
olèh kayektèn, kamursidan, precaya,
katresnan, kesabaran lan alusing budi.
12 Mlayua ngetog karosanmu ana ing
pambalapaning iman, lan nggayuha
marang urip langgeng. Sebab iya
kanggo urip langgeng kuwi enggonmu
katimbalan nalika kowé biyèn ngucapaké
pangakumu kang becik bab precayamu
ana ing ngarepé seksi-seksi akèh.
13 Lan saiki ana ing ngarsané Gusti
Allah, kang paring urip marang
samubarang kabèh, lan uga ana ing
ngarsané Sang Kristus Yésus, sing wis
ngaku dhéwé ana ing ngarsané Gubernur
Pontius Pilatus, kowé dakweling:

14 Pituturku iki lakonana lan jaganen,
supaya tetep murni tanpa cacad, nganti
tekan Dinané Gusti Yésus Kristus rawuh.
15 Rawuhé bakal kelakon ing wektu sing
katetepaké déning Gusti Allah piyambak.
Panjenengané dadi pangwasa tunggal
lan kebak karahayon, Ratuné para ratu
lan Gustiné para gusti.
16 Mung Panjenengané piyambak
kang asipat gesang, kang dumunung
ana ing pepadhang kang ora kena
dicedhaki déning wong. Ora ana
wong sing tau lan bisa ndeleng
Panjenengané. Panjenengané iku
kasaosana pakurmatan lan pangwasa
ing selawasé! Amin!
17 Wong sing padha sugih bandha
kadonyan, pituturana supaya aja
gumunggung lan aja padha ngendelaké
bandha sing ora tetep kaanané mau,
nanging padha ngandela marang Gusti
Allah, sing kanthi loma maringaké
samubarang marang kita, supaya padha
kita nikmati.
18 Wong-wong sugih konen nindakaké
kabecikan, supaya padha sugiha ing
penggawé becik, padha dadia wong sing

loma, lan gelem migunakaké barang
darbèké bebarengan karo wong liya.
19 Srana mengkono wong-wong kuwi
bakal padha nyimpen kasugihan kanggo
awaké dhéwé sing dadi dhasar kukuh
ing tembé. Srana mengkono wong-wong
mau bakal padha bisa nggayuh urip
sejati.
20 Timotius! Samubarang sing wis
dipitayakaké marang kowé, rumatana
sing becik. Singkirana gunem sing
sebrana lan dhébatan sing tanpa teges
mungguh prekara sing padha diarani
"Ngèlmu".
21 Awit ana wong sing anggepé wis
nduwèni ngèlmu, satemah padha
nyimpang saka dalaning precaya.
Sih-rahmaté Gusti Allah nunggila karo
kowé kabèh. Saka aku, Paulus

2 Timotius

1 [1] Layang saka Paulus, sing
katimbalan déning Gusti Allah dadi
rasulé Sang Kristus Yésus, kautus
martakaké prasetyané bab urip ana
ing patunggilané Sang Kristus Yésus,
tumekaa marang Timotius, anakku
sing kinasih. Gusti Allah Sang Rama
lan Kristus Yésus Gusti kita, maringana
sih-rahmat, palimirma lan katentreman
marang kowé.
[2] (1:1)
[3] Aku saos sukur marang Gusti Allah,
sing dakladosi klawan ati sing resik,
kaya patrapé para leluhurku dhèk biyèn.
Saben-saben aku kèlingan kowé ana ing
pandongaku, rina lan wengi, aku banjur
saos sukur.
[4] Aku éling marang prihatinmu; mulané
aku kepéngin banget ketemu karo kowé,
supaya atiku dadi bungah.
[5] Aku kèlingan precayamu sing
tulus éklas, ora béda karo precayané
embahmu Lois lan ibumu Éunike’. Aku
yakin yèn precayamu uga mengkono.

6 Mulané kowé dakweling supaya
kowé sregep nglakoni pegawéan, kang
kaparingaké déning Gusti Allah marang
kowé, nalika kowé daktumpangi tangan.
7 Awit Roh sing kaparingaké déning
Gusti Allah marang kita iki ora marakaké
kita dadi wong jirih, nanging malah
menuhi kita klawan pangwasa, katresnan
lan kekuwatan kanggo ngendhalèni awak
kita dhéwé.
8 Mulané kowé aja isin neksèni Gusti;
uga aja isin merga saka aku, sing
dikunjara. Nanging, mèlua nandhang
sangsara, kanggo kepentinganė Injil,
miturut kekuwatan sing kaparingaké
déning Gusti Allah marang kowé.
9 Panjenenganė nylametaké kita lan
nimbali kita, supaya kita padha dadi
umaté; landhesané dudu penggawé
kita, nanging kersané lan sih-rahmaté
piyambak. Sih-rahmat lantaran Sang
Kristus Yésus wis diparingaké marang
kita sadurungé jaman iki kawiwitan.
10 Lan saiki kababaraké marang
kita lan lantaran rawuhé Sang Juru
Slamet, Kristus Yésus. Panjenengané
sing nyirnakaké pangwasané pati, lan

lantaran Injil Panjenengané medharaké
urip sing ora kena ing rusak.
11 Iya Gusti Allah sing netepaké aku
dadi rasul lan guru, supaya ngabaraké
Injil.
12 Lan iya merga Injil kuwi aku
nandhang kasangsaran iki. Nanging
aku isih tetep yakin, awit aku wanuh
karo sapa sing dakprecaya, lan aku
ngerti temenan yèn Panjenengané
kwasa ngreksa apa sing wis dipitayakaké
marang aku, nganti tekan Dina rawuhé
Gusti.
13 Antepana piwulang bener, sing
dakwulangaké marang kowé, dadia tepa
tuladha kanggo kowé. Tetepa precaya
lan tetepa enggonmu nresnani ana ing
patunggilané Sang Kristus Yésus.
14 Jaganen prekara-prekara becik
sing wis dipitayakaké marang kowé
lantaran pangwasané Sang Roh Suci
kang dedalem ana ing kita.
15 Kowé wis ngerti yèn wong kabèh
ing tanah Asia Cilik wis padha nyingkur
marang aku, klebu uga Figelus lan
Hérmogènès.
16 Muga Gusti maringana sih-rahmat
marang brayaté Onésiforus, merga

dhèwèké kerep nglipur aku. Dhèwèké
ora isin niliki aku ana ing pakunjaran.
17 Satekané ing kutha Rum dhèwèké
terus nggolèki aku nganti ketemu.
18 Muga Gusti ngganjar sih-rahmat
marang Onésiforus, ana ing Dina rawuhé
Gusti. Lan kowé dhéwé iya ngerti sepira
gedhéning pitulungané Onésiforus mau
marang aku ana ing kutha Éfesus.

2 1 Mulané, kowé anakku, dibakuh
lantaran sih-rahmaté Gusti Allah ana
ing patunggilan kita karo Sang Kristus
Yésus.
2 Tembungku sing kokrungu ing
piwulangku ana ing ngarepé para seksi
akèh kaé gatèkna lan pitayakna marang
wong-wong sing kokprecaya, yakuwi
wong-wong sing bisa mulangaké bab
mau marang wong liya.
3 Padha mèlua nandhang sangsara dadi
prejurité Sang Kristus Yésus.
4 Prejurit sing lagi nglakoni ayahané
kuwi kepéngin gawé senengé atiné
komandhané, lan ora ngurusi prekara-
prekara liya.
5 Olahragawan sing mlayu ana ing
balapan ora bisa dadi juwara yèn ora
netepi prenatané balapan.

6 Wong tani sing nyambut-gawé
mempeng, kuwi sing kudu olèh
panduman dhisik dhéwé saka panènané.
7 Gatèkna kandhaku iki, awit Gusti
bakal maringi pangerti marang kowé bab
apa waé.
8 Ngèlingana marang Gusti Yésus,
sing wis kawungokaké saka ing séda;
Panjenengané kuwi tedhaké Sang Prabu
Dawud, kaya sing diwulangaké déning
Injil, sing dakwartakaké.
9 Merga saka enggonku martakaké Injil
mau, aku saiki nandhang sangsara,
lan aku diranté kaya durjana. Nanging
pangandikané Gusti Allah ora kena
diranté.
10 Lan iya merga saka kuwi, sakèhing
lelakon iki daksangga klawan sabar
kanggo umat pilihané Gusti Allah, supaya
wong-wong mau iya padha nampanana
kamulyan langgeng sing ana ing Sang
Kristus Yésus.
11 Pancèn bener pangandika ing Kitab
Suci sing mengkéné: "Yèn kita mati
bareng karo Panjenengané, kita uga
bakal urip bareng karo Panjenengané.
12 Menawa kita padha tahan, kita bakal
ndhèrèk ngerèh karo Panjenengané.

Menawa kita nyélaki Panjenengané, kita
iya bakal disélaki déning Panjenengané.
13 Menawa kita ora setya, Panjenengané
tetep setya, awit Panjenengané ora tau
sulaya karo sariràné piyambak."
14 Wong-wongmu padha tuturana, lan
padha élingna ana ing ngarsané Gusti
Allah, supaya aja padha regejegan mung
prekara tembung-tembung. Kuwi ora
ana paédahé, malah mbubrah pikirané
wong sing padha ngrungokaké.
15 Padha ngudia sakatogé supaya olèh
pengalem saka Gusti Allah, dadi abdi
sing ora isin nglakoni pegawéané, yakuwi
mènèhaké piwulang bab prekara sing
bener, sing sejati saka Gusti Allah.
16 Singkirana omongané wong sing
bodho lan tanpa teges, sing malah mung
nekakaké piala.
17 Piwulangé wong-wong mau padha
kaya lelara sing nggrogoti daging; kayata
piwulangé Himénéus lan Filétus.
18 Wong-wong mau wis padha nyimpang
saka dalan sing bener lan saiki lagi gawé
bingungé wong precaya sawetara, srana
piwulangé, yèn petangèné wong mati
kuwi wis kelakon.

19 Nanging dhasaring pakaryané Gusti
Allah kuwi kukuh, ora bisa goyah.
Lan iki tembung sing katulis ana ing
sandhuwuré dhasar mau: "Gusti pirsa
wong-wong sing dadi kagungané," lan:
"Sing sapa ngaku dadi kagungané Gusti,
kuwi kudu nyingkiri penggawé ala."
20 Ing sajroning omah sing gedhé
kuwi praboté rupa-rupa; ana sing
digawé saka slaka, ana sing saka
emas; ana menèh sing digawé saka
kayu lan lempung; ana sing dienggo
kaperluan-kaperluan istiméwa, ana sing
kanggo kaperluan-kaperluan lumrah.
21 Menawa wong ngresiki awaké saka
sarupaning piala, wong mau bakal
diagem nindakaké prekara-prekara sing
mulya, sing maédahi marang Gustiné.
Wong mau samekta diagem nindakaké
pegawéan sing utama.
22 Mulané nyingkirana watak-wantuné
wong nom, lan ngudia marang
kamursidan, kaprecayan, katresnan
lan katentreman, bebarengan karo
wong-wong sing klawan ati sing resik
nyuwun pitulungané Gusti.
23 Nanging dhébatan sing tanpa teges
lan tanpa dhasar kuwi singkirana; awit

kowé ngerti yèn kabèh mau wekasané
mung nuwuhaké padu.
24 Abdiné Gusti mono ora kena
kerengan, malah kudu sumanak karo
wong kabèh, pinter memulang lan sabar.
25 Lan bisa melèhaké wong kanthi
alus; mbokmenawa srana mengkono
Gusti Allah paring kelonggaran marang
wong-wong mau dadi mratobat lan
wanuh marang prekara sing bener.
26 Sarta banjur padha éling menèh
lan oncat saka kalaning Iblis, sing wis
njiret wong-wong mau supaya nuruti
kekarepané.

3 1 Padha élinga, yèn ing dina-dina
wekasan bakal ana kasusahan
sapirang-pirang.
2 Wong bakal padha mikiraké awaké
dhéwé lan karem bandha; bakal padha
gumunggung lan dhemen goroh. Bakal
padha seneng mitenah lan brontak
marang wong tuwané; padha ora duwé
panarima lan ora merduli marang
pangibadah.
3 Ora padha sumanak, malah padha
ambek siya; seneng ngala-ala wong
liya, sarta seneng tumindak kasar lan
tegelan. Padha sengit marang kabecikan.

4 Seneng cidra, ora sabaran lan
kumenthus. Wong-wong mau bakal
padha luwih nengenaké kasenengan
ketimbang karo ngabekti marang Gusti
Allah.
5 Padha seneng nglakoni saraking
agama mung tata lairé, nanging nampik
paédahé agama mau sing satemené.
Wong-wong mau singkirana.
6 Ana sawetara sing wis padha
mlebu-metu omah-omah nedya mbujuk
wong-wong wadon sing padha rumangsa
kabotan dosa lan padha kabereg déning
hawa-nepsu rupa-rupa.
7 Yakuwi wong-wong wadon sing padha
kepéngin sinau bab prekara sing bener,
nanging ora tau nggayuh bab mau.
8 Kaya Yanes lan Yambres sing padha
nglawan marang Nabi Musa biyèn,
mengkono uga wong-wong mau padha
nglawan marang kayektèn — yakuwi
wong-wong sing pikirané wis rusak lan
wis murtad saka precayané.
9 Nanging wong-wong iki ora bakal ana
kaundhakané, jalaran kabèh wong wis
padha ngerti bodhoné, ora béda karo
lelakon sing dialami déning Yanes lan
Yambres mau.

10 Nanging kowé wis nampani
piwulangku, wis ngerti kelakuanku lan
tujuning uripku. Kowé wis namataké
precayaku, kesabaranku, katresnanku,
ketabahanku.
11 Kowé wis nyipati dhéwé enggonku
dianiaya lan disangsara. Kowé wis
nyipati dhéwé kabèh sing wis kelakon
tumraping aku ana ing kutha-kutha
Antiokia, Ikonium, lan Listra, yakuwi
panganiaya-panganiaya nggegirisi sing
wis dakalami. Nanging Gusti wis ngluwari
aku saka kuwi mau kabèh.
12 Kabèh wong sing ngabekti lan
nunggil karo Sang Kristus bakal ngalami
dianiaya,
13 nanging wong ala lan wong dhemen
cidra malah bakal saya ndadra enggoné
nglakoni piala, padha ngapusi, nanging
iya diapusi.
14 Nanging kowé, Timotius, tetepa
nggondhèli kabeneran sing wis
koktampani lan kokyakini. Kowé ngerti
sapa guru-gurumu biyèn.
15 Lan élinga yèn wiwit cilik kowé wis
wanuh karo Kitab Suci, sing marakaké
kowé olèh kawicaksanan lan nuntun

kowé marang keslametan lantaran
precaya marang Gusti Yésus Kristus.
16 Kabèh isining Kitab Suci kuwi
diwangsitaké déning Gusti Allah lan
maédahi kanggo mulang bab sing bener,
melèhaké sing luput, mbeneraké sing
kliru, lan mulang marang manungsa bab
urip sing nyondhongi karo kersané Gusti
Allah.
17 Supaya srana Kitab Suci mau, wong
sing ngladosi Gusti Allah dilatih lan
dipraboti, sarta padha bisa nglakoni
sedhéngah pegawéan sing becik.
4 1 Gusti Yésus Kristus bakal rawuh
menèh, jumeneng hakim, ngadili
wong sing urip lan wong sing wis
mati. Panjenenganè bakal nindakaké
Pepréntahané. Mulané banget penjalukku
marang kowé,
2 ngabarna Injil, ora preduli wong
sing kokkabari gelem ngrungokaké apa
ora. Wong padha kandhanana, padha
welèhna, lipuren lan wulangen kanthi
sabar.
3 Bakal ana mangsané wong padha
ora betah ngrungokaké piwulang
sing bener. Wong-wong mau bakal
padha nuruti nepsuné dhéwé lan

nglumpukaké guru-guru, sing gelem
mulang bab prekara-prekara sing
kepénak dirungokaké ing kupingé.
4 Wong-wong mau bakal ngingeraké
kupingé saka piwulang sing bener,
lan milaur ngrungokaké marang
dongèng-dongèng.
5 Nanging kowé kudu padha ngendhalèni
awakmu dhéwé ing sedhéngah kaanan,
sing sabar ing sajroning kasangsaran.
Injil wartakna, lan kabèh kuwajibanmu
tindakna krana enggonmu dadi abdiné
Gusti Allah.
6 Déné aku, saiki wis tekan titi
mangsané enggonku dadi kurban kagem
Gusti. Wis tekan wayahé aku ninggalaké
donya iki.
7 Aku wis mlayu ngetog karosanku
sajroning balapan, saiki playuku wis
tekan garis wekasan, aku wis menang
enggonku ngantepi precaya.
8 Lan saiki tandha kemenangan wis
disedhiyakaké kanggo aku, yakuwi
makuthaning kabeneran, sing bakal
kaparingaké déning Gusti, Hakim Kang
Adil, marang aku, ana ing Dina Kiamat.
Lan ora mung aku dhéwé, nanging

sakèhing wong sing padha nganti-anti
kanthi tresna marang rawuhé Gusti.
9 Ngudia supaya kowé énggal teka ing
panggonanku.
10 Démas wis ninggal aku, awit seneng
karo donya iki; saiki dhèwèké lunga
menyang kutha Tésalonika. Kreskes
lunga menyang tanah Galatia lan Titus
menyang Dalmatia.
11 Kari Lukas sing isih ana ing kéné.
Markus pethuken lan jaken mréné
bareng karo kowé, awit Markus bisa
nyambut-gawé mbiyantu aku ana ing
pegawéanku.
12 Aku wis ngirim Tikhikus menyang
kutha Éfesus.
13 Yèn kowé mréné jubahku sing
daktinggal ana ing kutha Troas, ing
omahé Karpus, gawakna. Buku-buku
gawanen pisan. Déné sing prelu dhéwé
sing ditulis ana ing wlulang[a] kaé.
14 Alèksander, tukang tembaga kaé,
wis nindakaké piala akèh marang aku.
Dhèwèké bakal diwales déning Gusti
manut penggawéné.

---

[a]wlulang: perkamèn.

15 Kowé dhéwé sing waspada marang
wong kuwi, sebab banget enggoné
nglawan piwulang kita.
16 Nalika aku diajokaké ing pengadilan
sing kapisan, ora ana wong siji-sijia sing
mbélani aku ngaturaké penjawab. Kabèh
wis padha ninggal aku. Muga-muga
wong-wong mau padha diapura déning
Gusti Allah.
17 Nanging Gusti wis nunggil karo aku.
Aku diparingi kekuwatan, nganti aku bisa
nyritakaké bab Injil ing sasampurnané,
lan dirungokaké déning para wong dudu
Yahudi. Aku wis diluwari saka cangkemé
singa.
18 Gusti bakal ngluwari aku uga saka
ing sarupaning penggawé ala, lan
ngasta aku ana ing Kratoné ing swarga.
Panjenenganė kaluhurna ing selawasé!
Amin.
19 Aku kirim salam marang Priskila lan
Akwila lan marang brayaté Onésiforus.
20 Érastus kari ana ing kutha Korintus,
nanging Trofimus daktinggal, lagi lara
ana ing kutha Milétus.
21 Kowé ngudia supaya bisa tekan kéné
sadurungé mangsa bedhidhing. Ébulus,
Pudès, Linus, lan Klaudia padha kirim

salam, mengkono uga sedulur-sedulur
liyané sing padha precaya.
22 Muga Gusti nunggil karo kowé.
Sih-rahmaté Gusti Allah nunggila ing
kowé kabèh. Saka aku, Paulus

Titus

1
[1] Layang saka aku, Paulus, abdiné
Allah lan rasulé Gusti Yésus Kristus.
Aku kapilih lan kautus mbiyantu
precayané umaté Allah kang pinilih; lan
nuntun umat mau marang prekara sing
bener manut piwulangé kaprecayan kita.
[2] Piwulang mau alandhesan pengarep-
arep marang urip langgeng. Gusti
Allah, kang setya wis njanjèni bab
urip langgeng kuwi, sadurungé jaman
kawiwitan.
[3] Ing wektu kang dikersakaké,
Panjenengan wis medharaké janjiné mau
ana ing Injil, sing dipitayakaké marang
aku. Lan aku martakaké Injil mau atas
dhawuhé Gusti Allah, Juru Slamet kita.
[4] Tumekaa marang Titus, anakku
kasukman[a] kang tunggal precaya
marang Gusti Yésus Kristus. Muga-muga
Allah Sang Rama lan Kristus Yésus, Juru
Slamet kita, maringana sih-rahmat lan
katentreman marang kowé.

---

[a]kasukman: karohanèn: cara rohani.

5 Enggonku ninggal kowé biyèn ana
ing pulo Kréta kaé, supaya kowé
ngrampungaké prekara-prekara sing
isih prelu ditandangi. Uga supaya kowé
netepaké pinituwa-pinituwa ana ing
saben kutha. Aja lali marang piwelingku:
6 Pinituwa kuwi kudu wong sing tanpa
cacad; kudu mung duwé bojo siji,
sing anak-anaké wis precaya, lan ora
kalok wong sing mblunthah[b] utawa ora
mbangun-turut.
7 Sarèhné pinituwa mau ngurusi
pakaryané Allah lan dadi panuntuning
pasamuwan, mulané kudu wong
sing tanpa cacad. Wong sing ora
gumunggung, ora brangasan, ora
dhemen mendem, ora karem bandha.
8 Pinituwa kudu wong sing seneng
awèh pamondhokan, seneng marang
kabecikan. Kudu bisa ngendhalèni awaké
dhéwé, jujur, mursid lan tertib.
9 Kudu ngantepi pangandikané Allah.
Srana patrap mengkono pinituwa mau
wani ngélingaké wong liya nganggo
piwulang sing bener, lan nuduhaké
keluputané wong sing padha nglawan
piwulang mau.

---

[b]mblunthah: mboten mbangun-turut: mblasar.

[10] Sebab akèh wong sing padha
ora setya, luwih-luwih wong Kristen
tetakan,[c] kuwi padha nasaraké wong liya
srana piwulang sing néka-néka.
[11] Wong-wong sing piwulangé
mengkono mau prelu énggal-énggal
dibungkem, awit padha gawé bingungé
brayat pirang-pirang srana piwulang
sing ora bener. Karepé wong-wong mau
satemené ngisin-isini banget, merga
mung golèk untungé dhéwé.
[12] Tau ana nabiné wong Kréta dhéwé
kandha: "Wong-wong Kréta kuwi
dhemen goroh, kaya kéwan galak,
wong-wong dremba[d] sing kesèd."
[13] Apa sing dikandhakaké nabi mau
bener. Mulané wong-wong kuwi kudu
kokwelèhaké sing temenan, supaya
precayané ora nylèwèng,
[14] lan ora padha kedayan déning
dongèng-dongèngé wong Yahudi utawa
prenatan-prenatané manungsa sing
ngalang-alangi prekara sing bener.
[15] Tumrap wong sing pikirané resik,
samubarang prekara dadi resik. Nanging
tumraping wong-wong sing pikirané ora

---

[c]Kristen tetakan: tilas nganut agami Yahudi.
[d]dremba: remen nedha.

resik lan ora precaya, ora ana prekara
siji waé sing suci; awit pikiran lan atiné
wis reged!
16 Wong-wong kuwi ngakuné precaya
karo Gusti Allah, nanging penggawé-
penggawéné nélakaké yèn wong-wong
mau satemené ora precaya. Wong-wong
mau seneng mbrontak lan ora bisa
nindakaké kabecikan apa-apa.

2 1 Nanging kowé, Titus! Wulangna
apa sing condhong karo pathokaning
precaya.
2 Wong lanang sing wis tuwa pituturana
supaya presaja, wicaksana lan bisa
ngendhalèni kekarepané; mantep
ing precaya, ing katresnan lan ing
kesabaran.
3 Mengkono uga wong wadon sing
wis tuwa pituturana supaya luwih
nggatèkaké marang pangibadah. Aja
padha dhemen nyatur, lan dhemen
mendem minuman keras. Kudu padha
memulang sing becik:
4 kayata marahi wong-wong wadon
enom supaya padha nresnani bojoné lan
anak-anaké;
5 bisa ngendhalèni kekarepané sing ora
prayoga, suci lan bisa dadi somah sing

sejati, manut karo préntahé bojoné,
satemah wong ora ngala-ala marang
pangandikané Allah.
6 Mengkono uga para nom-noman
konen njaga marang awaké dhéwé.
7 Kowé dhéwé dadia tuladha ing
sedhéngah penggawé becik. Enggonmu
memulang tindakna klawan jujur lan
kanthi tumemen.
8 Nganggoa tembung-tembung sing
wicaksana, sing ora kena dicacad déning
wong, supaya mungsuh-mungsuhmu
padha kisinan, merga ora duwé alesan
nyatur kowé.
9 Para abdi padha mbangun-turuta
marang dhawuhé bendarané lan ing
sadhéngah prekara gawéa mareming
atiné bendarané. Aja padha madoni
bendarané,
10 utawa nyolong barang-barangé
bendarané. Malah para abdi selawasé
kudu nélakaké yèn dhèwèké becik lan
setya, supaya srana sadhéngah prekara
sing ditindakaké kanthi becik mau,
wong-wong padha ngalem piwulang bab
Gusti Allah, Juru Slamet kita.

11 Awit Gusti Allah wis ngetingalaké
sih-rahmaté kanggo keslametané
manungsa kabèh.
12 Sih-rahmaté mau merdi kita, supaya
kita padha urip ninggal patrapé wong
sing ora wanuh karo Gusti Allah, sing
nuruti marang hawa-nepsu kadonyan.
Sajroning urip ing donya iki kita padha
bisaa ngendhalèni nepsu kita dhéwé,
padha sing jujur lan ngabekti marang
Gusti Allah.
13 Saiki kita lagi padha nganti-anti
tekané dina sing dadi pengarep-arep,
yakuwi Dina kebabaring kamulyané Allah
Kang Mahaagung lan Sang Juru Slamet,
Gusti Yésus Kristus.
14 Panjenengané wis masrahaké
sariranè kanggo kita, yakuwi kanggo
nylametaké kita saka sakèhing piala,
lan ndadèkaké kita dadi kagunganè
piyambak, umat sing suci, sing
kesengsem marang penggawé becik.
15 Prekara-prekara iki wulangna.
Enggonmu mituturi lan melèhaké
wong-wong sing padha ngrungokaké
piwulangmu, nganggoa kawicaksanan,
supaya aja nganti ana wong sing
ngrèmèhaké kowé.

3 1 Wong-wongmu padha élingna,
supaya padha sumuyud marang
pamaréntah lan marang para wong sing
ngasta pangwasa. Padha mbangun-
turuta marang wong-wong mau lan
padha cumadhanga marang sadhéngah
penggawé becik.
2 Wong-wong padha kandhanana
supaya aja padha ngala-ala wong liya,
nanging padha rukuna lan memitrana
karo wong kabèh. Tangkepmu karo wong
kabèh tansah sing alus.
3 Awit kita dhéwé biyèn uga seneng
tumindak ngawur, seneng mbrontak
lan murang-sarak.[e] Kita biyèn uga
dierèh déning hawa-nepsu lan sakèhing
pepénginan. Urip kita biyèn uga kebak
drengki lan sengit marang liyan. Wong-
wong padha sengit marang kita, lan kita
uga padha sengit marang wong-wong
mau.
4 Nanging bareng Gusti Allah mbabaraké
sih lan kamirahané,
5 Panjenenganė milujengaké kita,
ora merga penggawé becik sing
kita tindakaké, nanging merga saka

---

[e] murang-sarak: mblasar: mboten manut prenatan.

sih-rahmaté piyambak. Kita padha "dikumbah".[f] Merga saka enggon kita kakumbah mau, kita nuli kalairaké menèh déning Sang Roh Suci lan kaparingan urip anyar.
6 Gusti Allah ngesokaké Roh Suci klawan lubèr marang kita lantaran Gusti Yésus Kristus, Juru Slamet kita,
7 supaya srana sih-palimirmané, kita padha dianggep bener utawa tanpa keluputan ana ing ngarsané Gusti Allah, lan kaparingan urip langgeng sing kita arep-arep.
8 Iki piwulang sing bener. Karepku supaya prekara-prekara iki luwih kokantepaké menèh ana ing piwulangmu, supaya wong-wong sing padha precaya marang Gusti Allah padha luwih akèh menèh enggoné nanjakaké wektuné kanggo nindakaké penggawé becik. Penggawé-penggawé sing mengkono kuwi akèh paédahé.
9 Nanging dhébatan sing tanpa teges padha singkirana, mengkono uga bab sarasilahé para leluhur; sarta cecongkrahan lan tukaran bab Angger-

[f]dikumbah: dipun baptis: dipun sucèkaken.

anggeré Torèt. Kuwi ora ana paédahé lan
ora ana ajiné.
10 Wong sing marakaké rusaking
pasamuwan élingna, apesé rambah ping
pindho, sawisé kuwi aja koksrawungi.
11 Kowé ngerti yèn wong sing mengkono
mau ala, lan dosa-dosané nélakaké yèn
wong kuwi ora bener.
12 Sawisé Artémas lan Tikhikus
dakkongkon nemoni kowé, udinen
bisaa padha nemoni aku ana ing kutha
Nikopolis, awit niatku arep manggon ana
ing kana sajroné mangsa bedhidhing.
13 Sabisa-bisamu padha mbiyantua
Zénas, ahli hukum, lan Apolos supaya
énggal padha mangkat lan kecukupan
samubarang sing dibutuhaké.
14 Wong-wongé dhéwé padha warahana
nanjakaké wektuné kanggo nglakoni
penggawé becik, lan nyukupi kebutuhan
sing pancèn prelu temenan, supaya
uripé aja nganti tanpa guna.
15 Wong kabèh sing mèlu aku ana ing
kéné padha kirim salam. Salamku kabèh
marang para mitra tunggal precaya.
Sih-rahmaté Allah nunggala karo kowé
kabèh. Saka aku, Paulus

Filemon

1 [1] Layang saka aku Paulus, wong sing
dikunjara merga Sang Kristus Yésus,
lan saka sedulur kita Timotius, tumekaa
marang kanca lan mitraku tunggal gawé,
Filémon,
[2] lan marang pasamuwan sing ngumpul
ana ing omahmu; sarta marang
sedulur kita wadon Apfia, apa déné
marang Arkhipus, kanca kita tunggal
sapegawéan.
[3] Gusti Allah Rama kita lan Gusti kita
Yésus Kristus maringana sih-rahmat lan
katentreman marang kowé.
[4] Sedulur Filémon! Saben-saben aku
ndedonga, aku tansah ngèlingi kowé lan
saos sukur marang Gusti Allah.
[5] Awit aku krungu bab katresnanmu
marang para kagungané Allah, lan bab
precayamu marang Gusti kita Yésus
Kristus.
[6] Kang daksuwun-suwun, muga-muga
enggonku padha paseduluran karo kowé,
merga padha déné dadi wong precaya,
njalari kita saya ngerti marang sakèhing

berkah, sing padha kita tampani ana ing
patunggilan kita karo Sang Kristus.
7 Katresnanmu, Filémon, sedulur kang
kinasih, ndadèkaké bungahku lan gawé
gedhéning atiku! Para umaté Gusti Allah
kabèh rumangsa olèh panglipur saka
kowé.
8 Mulané, aku sedulurmu tunggal
precaya marang Gusti Yésus Kristus,
satemené bisa préntah marang kowé
tanpa wigih-wigih, supaya nindakaké
apa sing prelu.
9 Nanging merga saka tresna, luwih
prayoga menawa aku ora préntah,
nanging ajak-ajak kowé, senajan aku,
Paulus, utusané Sang Kristus Yésus
kalané saiki lagi dikunjara merga saka
asmané.
10 Penjalukku marang kowé kanggo
Onésimus, anakku ana ing Sang Kristus,
awit sajroné aku dikunjara aku dadi
bapakné kasukman.
11 Onésimus kuwi biyèn ora ana gunané
tumrap kowé, nanging saiki migunani
tumrap kowé lan iya tumrap aku.
12 Wong sing daktresnani banget iku
dakkon bali mèlu kowé menèh.

13 Satemené aku kepéngin nyandhet
dhèwèké ana ing kéné ngancani aku,
sajroné aku dikunjara merga Injil,
supaya bisa mbiyantu aku minangka
sesulihmu.
14 Nanging aku emoh meksa kowé;
aku luwih seneng yèn kowé nindakaké
sing mengkono mau klawan sukalilaning
atimu. Dadi aku ora arep nindakaké
apa-apa tanpa nganggo rembugmu
dhisik.
15 Bisa uga pisahé Onésimus karo kowé
kanggo sawetara mangsa kuwi supaya
dhèwèké bisa koktampa menèh kanggo
selawasé.
16 Saiki Onésimus kuwi dudu batur-
tukon, nanging saiki dadi sedulurmu
kang kinasih ana ing Kristus. Kaya
mengkono kaanané Onésimus tumrap
ing aku, mengkono uga tumraping kowé,
yakuwi abdi lan uga sedulur tunggal
Gusti.
17 Dadiné yèn aku kokanggep kanca
tunggal precaya, Onésimus iya
tampanana kaya enggonmu nampani
aku dhéwé.

18 Yèn Onésimus keluputan karo kowé, utawa duwé utang apa-apa karo kowé, aku sing nanggung.
19 Aku tandha tangan ana ing kéné: Aku, Paulus sing arep mbayar. (Lan ora ana preluné aku ngélingaké kowé bab utangmu karo aku, yakuwi awakmu dhéwé.)
20 Mulané kowé sedulurku ana ing Gusti, aku gentèn tulungana. Atiku lipura krana enggonku duwé sedulur kowé, padha-padha wong Kristen.
21 Sajroné nulis layang iki aku yakin, yèn kowé bakal ngleksanani penjalukku. Malah aku ngerti yèn satemené kowé bakal tumindak luwih saka kuwi.
22 Kejaba kuwi, aku sedhianana kamar siji, awit aku duwé pengarep-arep yèn Gusti Allah bakal ngabulaké panyuwunmu kabèh lan aku bali nunggal karo kowé menèh.
23 Épafras sing bareng karo aku ana ing pakunjaran krana Sang Kristus, kirim salam marang kowé.
24 Mengkono uga kancaku nunggal pegawéan, Markus, Aristarkhus, Dhémas lan Lukas.

25 Sih-rahmaté Gusti Yésus Kristus
nunggila karo kowé kabèh. Saka aku,
Paulus

Ibrani

1 [1] Dhèk jaman biyèn Gusti Allah wis
kerep ngandika karo para leluhur
kita srana patrap werna-werna.
[2] Nanging ing jaman wekasan iki
Panjenengané ngandika marang kita
lantaran Kang Putra. Iya lantaran Kang
Putra kuwi enggoné Gusti Allah nitahaké
alam jembar. Sarta Panjenengané wis
netepaké Kang Putra mau supaya sing
wekasané ndarbèni samubarang kabèh.
[3] Kang Putra kuwi cahya kamulyané
sarta citrané[a] Gusti Allah sing cèples.
Iya Panjenengané sing ngrumati alam
jembar iki srana sabdané kang kebak
pangwasa. Sawisé Panjenengané
rampung enggoné ngresiki dosané
manungsa, nuli lenggah ana ing sisih
tengené Gusti Allah, Kang Mahakwasa,
ana ing dhamparing Kraton Swarga.
[4] Kaluhurané Sang Putra kuwi banget
enggoné ngungkuli para malaékat,
padha kaya pinunjuling Asma sing
kaparingaké déning Gusti Allah marang

---

[a]citra: gambar.

Panjenengané, lan banget enggoné
ngungkuli éndahing jenengé para
malaékat mau.
5 Awit Gusti Allah ora tau ngandika
marang para malaékat mengkéné:
"Kowé kuwi Putra-Ku; ing dina iki
Aku dadi Ramamu." sarta: "Aku bakal
dadi Ramané, lan dhèwèké bakal dadi
Putra-Ku."
6 Nalika Gusti Allah arep ngutus Kang
Putra pembarep marang jagad, ngandika
mengkéné: "Sakèhé malaékat kudu
nyembah marang Sang Putra iki."
7 Déné bab para malaékat Gusti Allah
ngandika: "Gusti Allah ndadèkaké para
malaékaté dadi angin, sarta para abdiné
dadi geni kang murub."
8 Nanging bab Sang Putra, Gusti
Allah ngandika: "Paduka menika Allah,
Paduka badhé jumeneng Raja ing
salami-laminipun! Pangrèh Paduka
menika adil.
9 Paduka menika remen dhateng
prekawis-prekawis ingkang leres sarta
sengit dhateng duraka. Pramila Gusti
Allah, inggih Allah Paduka, sampun miji
Paduka, sarta ngurmati Paduka ingkang
ndhatengaken kabingahan, ngungkuli

menapa ingkang kaparingaken dhateng
para mitra Paduka."
10 Lan menèh pangandikané Gusti Allah
mengkéné: "Gusti, ing wiwitan mila
Paduka ingkang nalesi[b] bumi, sarta
langit menika inggih pakaryaning asta
Paduka piyambak.
11 Sedaya menika badhé sirna,
badhé dados lungset lan amoh kados
sandhangan; nanging Paduka mboten
badhé éwah gingsir.
12 Paduka badhé nglempit alam jembar
menika kados jubah, sarta badhé sami
kasantunan kados sandhangan. Nanging
Paduka tansah badhé lestantun mboten
éwah-éwah; yuswa Paduka tanpa
wangenan."
13 Gusti Allah ora tau ngandika
marang para malaékaté sing endi
waé mengkéné: "Lungguha ana ing
sisih tengen-Ku, nganti mungsuh-
mungsuhmu wis padha Dakdadèkaké
ancik-anciking telapakanmu."
14 Yèn mengkono para malaékat kuwi
sapa ta? Para malaékat kuwi rak roh-roh
sing padha ngladosi Gusti Allah lan sing

---

[b]nalesi: ndhasari.

diutus ngladosi wong-wong sing bakal
padha tampa keslametan.
2 1 Mulané kita kudu luwih kenceng
enggon kita padha gondhèlan ing
sakèhing kayektèn sing wis kita rungu,
supaya kita aja padha kéntir.
2 Pangandika sing didhawuhaké lantaran
para malaékat kuwi nyata, lan sapa
sing ora manut utawa ngèstokaké bakal
tampa paukuman sing samesthiné.
3 Yèn mengkono kepriyé bisané kita
oncat saka paukuman mau, menawa kita
ora ngregani marang keslametan kang
semono gedhéné? Gusti Yésus piyambak
sing miwiti martakaké keslametan mau
lan wong-wong sing padha krungu
pangandika mau, klawan temen olèhé
mènèhi paseksi marang kita, yèn
pangandikané Gusti Allah kuwi nyata
mengkono.
4 Mengkono uga Gusti Allah iya
ngekahaké paseksi-paseksi mau
srana pretandha-pretandha, mujijat-
mujijat, sarta kaélokan werna-werna.
Panjenenganė uga maringaké ganjaran-
ganjaraning Roh Suci miturut ing kersané
piyambak.

5 Nalika Gusti Allah nitahaké jagad,
Panjenengané ora ngangkat malaékat-
malaékat dadi para pangwasané jagad,
iya jagad kang lagi kita rembug iki.
6 Malah ing Kitab Suci katulis mengkéné:
"Dhuh Allah, manungsa menika menapa
ta? Rak namung titah limrah, déné
kokngantos Paduka gatosaken!
7 Kanggé sawetawis wekdal manungsa
menika Paduka dadosaken langkung
asor sekedhik tinimbang para malaékat.
Éwadéné Paduka makuthani kalayan
kaluhuran sarta kaurmatan,
8 saha Paduka dadosaken pangwaos
ingkang ngerèh samukawis." Menawa
Gusti Allah ngangkat manungsa dadi
"pangwasa sing ngerèh samubarang,"
ora ana barang siji waé sing ora
katelukaké déning pangwasané. Nanging
kita sumurup yèn manungsa saiki ora
ngerèh samubarang.
9 Sing ngwasani samubarang mung
Gusti Yésus piyambak. Kanggo sawetara
mangsa Panjenengané kadadèkaké
kacèk sethithik tinimbang para
malaékat, supaya merga sih-rahmaté
Gusti Allah, Panjenengané nglampahi
séda kanggo manungsa kabèh. Saiki

kita sumurup yèn Panjenengané
dimakuthani nganggo kamulyan lan
kaurmatan, merga enggoné wis
nandhang kasangsaraning pati.
10 Wis samesthiné menawa Gusti Allah,
kang nitahaké lan ngrumati samubarang
kabèh kagem Panjenengané, uga
nyampurnakaké Gusti Yésus srana
kasangsaran, supaya Gusti Yésus saged
nuntun putra akèh ngrasakaké
kamulyané, bebarengan karo
Panjenengané. Awit mung Gusti Yésus
piyambak kang nuntun wong-wong mau
marang keslametan.
11 Gusti Yésus nyucèkaké manungsa
srana nebus dosa-dosané. Panjenengané
lan wong-wong kang kasucèkaké mau
asalé saka Rama siji. Mulané Gusti Yésus
ora lingsem ngaken sedulur wong-wong
mau.
12 Pangandikané: "Dhuh Allah, Kawula
badhé martosaken bab kawontenan
Paduka dhateng para sedhèrèk Kawula.
Kawula badhé ngalembana Paduka
wonten ing satengahipun pasamuwan."
13 Sarta menèh: "Aku bakal precaya
marang Panjenengané." Lan menèh
pangandikané: "Satemené, lah iki Aku

lan putra-putra sing wis diparingaké
déning Gusti Allah marang Aku."
14 Sarèhné sing disebut putra-putra
kuwi wong-wong sing awujud daging
lan getih, mulané Gusti Yésus iya
banjur dadi manungsa padha kaya
wong-wong mau sarta ngagem sakèhing
sipat kamanungsané wong-wong mau.
Enggoné mengkono supaya srana
sédané Panjenenganè bisa nyirnakaké
Iblis sing ngwasani pati.
15 Sarta ngluwari wong-wong, sing
sajegé uripé kawengku déning rasa wedi
marang pati.
16 Awit satemené dudu para malaékat
sing dipitulungi Gusti Yésus, nanging
kaya pangandikané ing Kitab Suci:
"Panjenenganè mitulungi tedhaké Rama
Abraham."
17 Kuwi ateges yèn Panjenenganè
kudu dipadhakaké karo para sedhèrèk-
sedhèrèké ing sadhéngah prekara,
supaya Panjenenganè dadia Imam
Agungé wong-wong mau, kang ambek
welasan lan setya marang Gusti Allah,
murih bisaa ngolèhaké pangapura
tumrap dosa-dosaning bangsané kabèh.

18 Lan saiki Panjenengané saged
mitulungi wong-wong sing kena
ing panggodha, awit Panjenengané
piyambak wis ngalami digodha lan
nandhang sangsara.

3 1 Para sedulurku sing padha dadi
kagungané Gusti Allah, merga
katimbalan déning Panjenengané! Padha
rasak-rasakna bab Gusti Yésus, kang
kautus déning Gusti Allah, supaya
jumeneng Imam Agung manut sahadat
kita.

2 Gusti Yésus kuwi setya marang Gusti
Allah, kang wis miji Panjenengané
ngayahi pegawéan kuwi, kaya déné Nabi
Musa biyèn iya setya ing pegawéané
kanggo umaté Allah kabèh.

3 Wong sing ngedegaké omah kuwi
ajiné ngluwihi omah sing digawé. Mulané
Gusti Yésus iya wis samesthiné nampi
kamulyan kang luwih gedhé tinimbang
Nabi Musa.

4 Pancèn saben omah mesthi ana sing
gawé, nanging sing yasa samubarang
kabèh kuwi Gusti Allah.

5 Nabi Musa kuwi pancèn dadi abdi sing
tumemen tumraping umaté Allah kabèh,
sarta mulangaké prekara-prekara sing

ing tembé bakal diwedharaké déning
Gusti Allah.
6 Nanging Sang Kristus tumemené
kaya déné Putra, kang mikul tanggung
jawab tumraping Pedalemané Allah.
Pedalemané Allah, yakuwi kita iki,
anggeré kita padha mantep lan yakin
yèn bakal padha nampani apa sing kita
arep-arep.
7 Mulané kaya pangandikané Sang Roh
Suci: "Ing dina iki, menawa kowé padha
krungu dhawuhé Allah,
8 kowé aja padha mangkotaké atimu,
kaya para leluhurmu biyèn pada mbaléla
marang Gusti Allah, yakuwi nalika
padha ana ing pesamunan, padha nyoba
marang Gusti Allah.
9 ‘Ana ing kana para leluhurmu padha
ndadar[c] Aku; Aku padha dicoba’,
mengkono pangandikané Allah, ‘mangka
wis patang puluh taun lawasé wong-
wong mau padha weruh apa sing
Daktindakaké.’
10 Mulané pegel ati-Ku marang umat
mau, lan Aku ngandika, ‘Wong-wong

[c]ndadar: menguji (bhs. Ind.).

kuwi tansah gawé duraka, padha suthik[d]
nurut marang dhawuh-dhawuh-Ku.’
11 Aku duka marang wong-wong mau
sarta sumpah: ‘Wong-wong kuwi ora
pisan-pisan bakal mlebu ana ing papan
palereman-Ku.’"
12 Para sedulurku, padha dingati-
ati, supaya aja ana wong siji waé
panunggalanmu sing duwé ati ala lan
maido nganti nyingkur marang Gusti
Allah kang sipat gesang.
13 Malah aja ana panunggalanmu sing
kena ing pamblithuking dosa, banjur
mangkotaké atiné. Mulané sajroné
isih urip ing jaman sing ana ing Kitab
Suci disebut "Dina Iki," padha tansah
éling-ingélingna.
14 Kita kabèh iki wis padha mèlu
menang karo Sang Kristus. Semono
kuwi menawa kita padha tetep ngantepi
marang precaya kita kawitan nganti
tekan ing wekasan.
15 Pangandikané Gusti Allah mengkéné:
"Ing dina iki menawa kowé krungu
dhawuhé Allah, aja padha mangkotaké
atimu kaya para leluhurmu, dhèk

---

[d]suthik: emoh: mboten purun.

biyèn nalika padha mbangkang marang
Panjenengané."
16 Sapa sing padha krungu dhawuhé
Allah, banjur mbaléla marang
Panjenengané? Kuwi rak wong-wong
sing padha kairid déning Nabi Musa metu
saka tanah Mesir ta?
17 Sapa wong-wong sing patang puluh
taun lawasé memungu bebenduné Allah?
Apa dudu wong-wong sing padha gawé
dosa lan padha mati pating glimpang
ana ing pesamunan?
18 Nalika Gusti Allah supaos: "Wong-
wong kuwi ora pisan-pisan bakal mlebu
ana ing papan palereman-Ku," sapa
satemené sing dikersakaké? Ora liya rak
iya wong-wong sing padha mbaléla mau!
19 Dadiné saiki kita padha ngerti, yèn
wong-wong sing padha ora bisa mlebu,
kuwi merga padha ora precaya.

4 1 Nanging saiki Gusti Allah wis janji,
yèn kita padha kepareng mlebu
ing paleremané. Mulané kita padha
dingati-ati, supaya aja ana siji waé
panunggalanmu sing nganti kèri.
2 Awit padha kaya wong-wong mau, kita
wis padha krungu bab Injil. Nanging iku
ora ana paédahé tumraping wong-wong

mau, awit senajan padha krungu,
éwasemono padha ora gelem nampani
kanthi precaya.
3 Déné kita sing padha precaya, bakal
padha mlebu ana ing paleremané Gusti
Allah, cocog karo pangandikané: "Aku
duka lan supaos: ‘Wong-wong kuwi
mesthi padha ora bakal mlebu ing
palereman-Ku.’" Gusti Allah ngandika
mengkono, senajan pakaryané wis
rampung wiwit nalika Panjenengané
nitahaké jagad.
4 Awit mungguh dina kang kapitu ana
pangandikané mengkéné: "Ing dina
kapitu Gusti Allah kèndel saka pakaryané
kabèh."
5 Bab mau dingandikakaké menèh:
"Wong-wong bakal ora pisan-pisan
mlebu ana ing palereman-Ku."
6 Wong-wong kang luwih dhisik krungu
pawartané Injil, kuwi padha ora mlebu
ana ing paleremané Allah, awit padha ora
precaya. Yèn mengkono ana wong-wong
liyané kang padha olèh mlebu ana ing
paleremané Allah.
7 Kuwi ketitik saka enggoné Gusti Allah
nemtokaké dina liyané, sing disebut:
"Dina Iki". Let pirang-pirang taun

sebanjuré, Gusti Allah ngandika menèh
bab prekara iki lumantar Sang Prabu
Dawud, ana ing ayat ngarep mau: "Ing
dina iki menawa kowé padha krungu
dhawuh pangandikané Allah, aja padha
mangkotaké atimu."
8 Jalaran saupama Hakim Yosua wis
ngirid wong-wong kuwi mlebu ing
palereman kang kacawisaké déning
Gusti Allah, mesthi Panjenengané ora
bakal ngandika menèh bab dina liyané.
9 Nanging kaya kaanané saiki, isih ana
menèh palereman kanggo umaté Allah,
padha kaya enggoné Gusti Allah kèndel
makarya ana ing dina kapitu mau.
10 Sapa sing kepareng mlebu ana ing
paleremané Allah, wong kuwi bakal
ngaso uga saka pegawéané dhéwé,
padha kaya Gusti Allah enggoné kèndel
saka pakaryané piyambak.
11 Mulané ayo kita padha mbudidaya
sakatogé mlebu ana ing paleremané
Allah. Aja ana panunggalan kita sing
mbaléla[e] kaya wong-wong dhèk biyèn,
temah padha ora kepareng mlebu.
12 Pangandikané Allah kuwi asipat
gesang lan sekti, lan luwih landhep

---

[e] mbaléla: ngraman: memberontak (bhs. Ind.).

tinimbang sakèhing pedhang sing
landhep kiwa-tengen; kang tumamané
nganti bisa misahaké nyawa lan roh,
ros-rosan lan sungsum. Bisa netepaké
ala lan beciké pikiran lan karepé
manungsa.
13 Ora ana prekara siji waé sing
ketutupan ana ing ngarsané Gusti
Allah, jalaran samubarang kabèh
katon ngégla ana ing paningalé. Kita
kabèh kudu padha tanggung jawab
marang Panjenengané tumrap sakèhing
penggawé kita dhéwé-dhéwé.
14 Sarèhné mengkono, mulané kita
padha ngantepana marang sahadat kita.
Awit kita padha duwé Imam Agung, sing
wis sowan ing ngarsané Allah, yakuwi
Gusti Yésus, Putraning Allah.
15 Imam Agung kita iki dudu wong
sing ora bisa ngrasakaké kaapesan
kita. Malah Panjenengané wis ngalami
kagodha ing samubarang prekara.
Ora béda karo kita dhéwé; mung
Panjenengané ora gawé dosa!
16 Mulané ayo kita padha klawan kendel
marek ing ngarsané Allah, kang dadi
etuking sih-rahmat kang lubèr-lubèr.

Kita bakal nampa kawelasan, sarta olèh
sih-rahmat ing wektuné.

5

1 Saben Imam Agung kuwi kapilih
saka ing antarané manungsa, lan
katetepaké supaya ngladosi Gusti Allah,
dadi lantaraning manungsa karo Gusti
Allah. Kuwajibané nyaosaké pisungsung
sarta kurban krana dosa.
2 Sarèhné Imam Agung kuwi dhéwé
iya wong sing apes tumrap ing prekara
akèh, mulané panjenengané iya ambek
welasan tumrap wong-wong sing bodho
lan sing padha keluputan.
3 Lan sarèhné panjenenganè piyambak
kebak kaapesan, mulané iya kudu
nyaosaké kurban-kurban ora mung
kanggo dosa-dosané umat waé, nanging
uga kanggo dosa-dosané dhéwé.
4 Ora ana wong sing miji awaké dhéwé
nampa kalenggahan Imam Agung. Wong
sing dadi Imam Agung kuwi mung merga
katimbalan déning Gusti Allah, kaya
déné Imam Agung Harun dhèk biyèn iya
katimbalan déning Gusti Allah piyambak.
5 Mengkono uga Sang Kristus iya ora
ngangkat sariranė piyambak dadi Imam
Agung. Malah Gusti Allah ngandika
marang Sang Kristus mau mengkéné:

"Kowé kuwi Putra-Ku; ing dina iki Aku
dadi Rama-Mu."
6 Ing panggonan liya Gusti Allah uga
ngandika: "Kowé selawas-lawasé bakal
dadi Imam, manut tatanané Mèlkisèdèk."
7 Nalika sugengé ing donya iki, Gusti
Yésus wis ngaturaké pandonga lan
panyuwun kanthi pangadhuh lan
panangis marang Gusti Allah, kang
kwasa milujengaké Panjenengané saka
ing pati. Merga saka enggoné ngasoraké
sariranė, sarta merga saka enggoné
pasrah marang Gusti Allah, mulané Gusti
Allah midhangetaké panyuwuné mau.
8 Nanging senajan Gusti Yésus
kuwi Putraning Allah, éwasemono
Panjenengané sinau mbangun-turut
marang kersané Sang Rama srana
enggoné nandhang sangsara.
9 Yakuwi sebabé sawisé Gusti Yésus
kasampurnakaké, banjur dadi sumbering
keslametan langgeng tumrapé wong
kabèh sing padha mbangun-turut
marang Panjenengané;
10 lan Gusti Allah piyambak netepaké
Gusti Yésus mau kajumenengaké Imam
Agung manut tatananė kaimamané
Mèlkisèdèk.

11 Mungguh jumenengé Gusti Yésus
dadi Imam Agung iki, akèh sing
kudu dakkandhakaké, nanging angèl
enggonku arep nerangaké marang kowé,
jalaran kowé padha lamban,[f] ora énggal
ngerti.
12 Manut lawasé enggonmu dadi wong
precaya, wis pantes saupama kowé dadi
guru, nanging tekan sepréné kowé isih
prelu diwulang bab dhasar-dhasaring
pangandikané Gusti Allah. Kowé isih
butuh banyu susu, dudu pangan sing
akas.
13 Merga sing sapa isih butuh banyu
susu, kuwi isih bocah, durung ngerti apa
sing diarani bener lan apa sing diarani
luput.
14 Pangan sing akas kuwi mung kanggo
wong-wong diwasa, sing wis kulina
ngrasakaké lan mbédak-mbédakaké
barang sing becik lan sing ala.
6 1 Mulané ayo kita padha maju,
ngancik piwulang-piwulangé wong
diwasa, sarta ninggal piwulang dhasar
bab pangandikané Gusti Allah. Kita
aja mung mbolan-mbalèni piwulang
bab pamratobat, marèni penggawé-

---

[f]lamban: mboten gampil ngertos.

penggawé kang tanpa guna, lan bab
precaya marang Gusti Allah;
2 utawa bab adat tata-cara baptis utawa
bab berkah srana numpangaké tangan,
utawa bab tanginé wong mati, sarta
paukuman langgeng.
3 Ayo kita padha maju nyandhak
piwulang sing luwih dhuwur, yakuwi sing
saiki arep padha kita tindakaké, menawa
Gusti Allah marengaké.
4 Sebab kepriyé bisané wong-wong sing
wis padha murtad bali mratobat menèh?
Wong-wong mau wis tau padha nampani
pepadhang saka Gusti Allah ana ing
atiné. Wis padha ngrasakaké peparingé
Gusti Allah sarta wis nampani Sang Roh
Suci dadi darbèké.
5 Wong-wong mau wis ngerti yèn
pangandikané Gusti Allah kuwi becik,
lan wis padha ngrasakaké dayané jaman
sing bakal kelakon.
6 Éwasemono wong-wong mau padha
murtad! Mokal yèn wong-wong sing kaya
mengkono mau bisa katuntun marang
pamratobat menèh, merga wong-wong
kuwi presasat padha nyalib Putrané
Allah sepisan menèh kanggo awaké

dhéwé, sarta ngina Panjenengané ana
ing ngarepé wong akèh.
7 Gusti Allah mberkahi lemah kang
nesep banyu udan, nganti lemah mau
ngetokaké tetuwuhan sing migunani
marang wong sing nandur.
8 Nanging menawa metokaké eri
lan rerungkudan, lemah mau ora
ana gunané. Lemah mau bakal kena
supatané Allah lan kaobong.
9 Senajan aku muni mengkono, para
sedulur kang kinasih, aku yakin yèn
kowé precaya temenan. Aku ngerti yèn
kowé padha tampa peparing-peparing
sing luwih becik, sing tumuju marang
keslametan.
10 Gusti Allah kuwi ora kurang adil;
Panjenengané ora bakal kekilapan[g]
marang penggawé-penggawému sing
wis koklakoni, utawa katresnanmu
marang Panjenengané, kang tetéla
saka pitulunganmu marang pepadhamu
wong Kristen, sing isih tumindak tekan
sepréné.
11 Banget pengarep-arepku, kowé
tansah sregep nganti tekan wekasan,

---

[g]kekilapan: mboten ngertos.

supaya bisa nggayuh apa sing dadi
pengarep-arepmu.
12 Aku ora seneng yèn kowé padha
kesèd. Padha tumindaka kaya wong-
wong sing padha precaya lan sabar,
temahan padha nampani apa kang
dijanjèkaké déning Gusti Allah.
13 Nalika Gusti Allah maringaké janjiné
marang Rama Abraham, Panjenengané
supaos bakal ngleksanani sing wis
dijanjèkaké. Sarèhné ora ana wong sing
ngungkuli Panjenengané, mulané nalika
maringaké janjiné mau, Gusti Allah
supaos demi asmané piyambak.
14 Pangandikané Allah: "Aku janji bakal
mberkahi kowé sarta maringi turun akèh
banget marang kowé."
15 Abraham sabar, temah panjenengané
nampa sing dijanjèkaké déning Gusti
Allah mau.
16 Manungsa yèn sumpah migunakaké
jenengé wong liya sing luwih luhur;
sumpah mau kanggo mungkasi sakèhé
padudon ing antarané manungsa.
17 Kersané Gusti Allah ngyakinaké
marang wong-wong sing bakal padha
nampani janji mau, yèn Panjenengané
ora bakal pisan-pisan nyélaki. Yakuwi

sebabé Panjenenganė ngantebaké
janjiné mau nganggo supaos.
18 Rong prekara kuwi ora bisa owah,
janji lan sumpah, sing njalari Gusti Allah
ora bakal sélak. Merga saka kuwi kita
sing wis olèh keslametan saka Gusti Allah
padha diwanti-wanti supaya ngugemi
klawan mantep marang pengarep-arep
sing wis kajanjèkaké marang kita.
19 Pengarep-arep mau dadi jangkaring
ati kita, sing kukuh lan sentosa, sing wis
katibakaké tekan samburiné gebering
Sasana Mahasuci ana ing Pedalemané
Allah kaswargan.
20 Gusti Yésus wis mlebet tekan
kana ndhisiki kita, kanggo makili kita.
Panjenenganė kang jumeneng Imam
Agung kang langgeng manut tata
kaimamané Mèlkisèdèk.

7 1 Imam Mèlkisèdèk kuwi biyèn
raja ing negara Salèm lan dadi
imamé Allah Kang Mahaluhur. Nalika
Rama Abraham kondur saka peprangan
sarta mejahi para raja, Imam
Mèlkisèdèk methukaké sarta mberkahi
panjenenganė.
2 Rama Abraham nyaosaké
saprasepuluhé rampasan saka mungsuh

marang Imam Mèlkisèdèk. (Tembung Mèlkisèdèk teges sing sepisan "Ratuning Kaadilan," lan sarèhné Imam Mèlkisèdèk uga jumeneng ratu ing negara Salèm, asmané banjur uga ateges "Ratuning Katentreman".)

3 Mungguh Imam Mèlkisèdèk ing Kitab Suci ora kasebutaké sapa rama lan ibuné, mengkono uga sapa leluhuré. Uga ora kasebutaké bab wiyosé lan sédané. Panjenengané kuwi kaya déné Putraning Allah, kang jumeneng imam ing selawasé.

4 Coba gagasen, saiba luhuré Mèlkisèdèk kuwi! Rama Abraham, leluhuré bangsa kita waé, nganti ngaturaké saprasepuluhé rampasan saka mungsuh marang panjenengané.

5 Para turuné Lèwi, yakuwi wong-wong sing padha dadi imam, kadhawuhan déning Angger-anggeré Torèt, nampani pisungsung saka umat Israèl, yakuwi para seduluré tunggal bangsa, senajan wong-wong Israèl kuwi uga turuné Abraham.

6 Mangka Imam Mèlkisèdèk dudu turuné Lèwi, panjenengané disaosi prasepuluhan déning Rama Abraham

sarta mberkahi Rama Abraham, wong
sing wis kaparingan prasetyané Gusti
Allah mau.
7 Wis cetha yèn wong sing mberkahi
kuwi luwih luhur ketimbang karo wong
sing diberkahi.
8 Imam-imam sing nampa prasepuluhan
kuwi mung wong lumrah, nanging Kitab
Suci nélakaké bab Imam Mèlkisèdèk,
yèn panjenengané, kang nampani
prasepuluhan kuwi gesang selawas-
lawasé.
9 Dhèk nalika Rama Abraham mbayar
prasepuluhan, Lèwi kena diarani uga wis
katut mèlu mbayar, senajan para turuné
padha nampani prasepuluhan.
10 Awit nalika Imam Mèlkisèdèk ketemu
Rama Abraham, Lèwi durung lair; kena
diarani Lèwi isih ana ing lambungé Rama
Abraham, leluhuré.
11 Adhedhasar kaimamané Lèwi mau
Torèt kaparingaké marang umat Israèl.
Saupama leladiné imam-imam Lèwi
kuwi biyèn wis sampurna, ora prelu ana
imam liyané sing leladi manut tataning
kaimamané Mèlkisèdèk, lan ora manut
tataning kaimamané Harun.

12 Awit menawa salin tatanan
kaimamamané, mesthiné Angger-anggering
Torèt iya kudu ganti uga.
13 Merga sing dikarepaké ana ing
kéné iki Sang Kristus, sing klebu taler
liya. Saka taler mau ora ana wong siji
waé sing tau ngladèni mesbèh ana ing
Pedalemané Allah, dadi imam.
14 Pancèn wong kabèh wis ngerti,
yèn Sang Kristus kuwi miyos saka
taler Yéhuda; lan Nabi Musa uga ora
ngandikakaké apa-apa bab taler iki
nalika panjenengané ngandharaké bab
imam-imam.
15 Prekarané saiki dadi luwih cetha,
yakuwi ana imam liya kang jumeneng,
manut tataning kaimamamané Mèlkisèdèk.
16 Panjenengané ditetepaké ngasta
kalenggahan imam ora landhesan
prenatané manungsa, nanging
adhedhasar urip kang langgeng.
17 Awit ing Kitab Suci ana pangandika,
"Kowé kuwi dadi Imam ing selawasé,
manut tatané kaimamaman Mèlkisèdèk."
18 Pancèn, prenatan sing dhisik kuwi
saiki wis disisihaké jalaran wis ora
nduwèni kekuwatan lan ora maédahi.

19 Awit Torèté Nabi Musa wis babar-
pisan ora bisa ngolèhaké kasampurnan.
Mulané kita saiki padha duwé pengarep-
arep sing luwih becik, sing nyedhakaké
kita karo Gusti Allah.
20 Kejaba kuwi Gusti Allah rak wis
supaos. Nalika imam liya-liyané
katetepaké kalenggahané, sumpah sing
mengkono mau ora ana.
21 Nanging Gusti Yésus katetepaké
ngasta imam nganggo sumpah, yakuwi
nalika Gusti Allah ngandika marang
Panjenengané: "Pangéran wis supaos,
sarta Panjenengané ora bakal ngéwahi
penggalihé: ‘Kowé bakal dadi Imam ing
selawasé.’"
22 Iya merga enggoné béda karo imam
liya-liyané mau, Gusti Yésus wis dadi
tetanggelaning prejanjian kang luwih
becik.
23 Ana menèh sing mbédakaké Sang
Kristus karo imam liya-liyané; imam-
imam liyané cacahé akèh, lan saben
imam ngalami mati, mula ora bisa
nglestarèkaké kalenggahané.
24 Nanging Gusti Yésus gesang
selawasé, sarta pakaryané enggoné

jumeneng Imam ora kalèngsèr marang
wong liya.
25 Saiki lan kapan waé, Panjenengané
saged mitulungi slamet saben wong
kang sowan ing ngarsané Allah lumantar
Panjenengané. Jalaran Panjenengané
gesang ing selawasé prelu nglantaraké
wong-wong mau marang Gusti Allah.
26 Mulané iya Gusti Yésus kuwi Imam
Agung sing kita butuhaké. Panjenengané
suci, ora kadunungan keluputan utawa
dosa. Panjenengané wis kapisahaké saka
wong dosa, kasengkakaké ngungkuli
dhuwuré sakèhing langit.
27 Panjenengané ora kaya Imam Agung
liyané, sing saben dina prelu nyaosaké
kurban kanggo dosané dhéwé lan sawisé
kuwi lagi kanggo dosaning umaté. Gusti
Yésus nyaosaké kurban mung sepisan
thok, kanggo ing selawasé, yakuwi
nalika Panjenengané nyaosaké sarirané
piyambak minangka kurban.
28 Torèt njumenengaké Imam Agung
saka antarané manungsa kang ora
sampurna; nanging prajanjiané Allah
kang dikanthèni supaos kang tekané
sawisé Torèt, kuwi njumenengaké Sang

Putra, sing wis kasampurnakaké ing
selawasé.

8 [1] Wosé kabèh sing kita rembug iki
mengkéné: Kita padha duwé Imam
Agung, kang ngasta pangwasa gedhé
ing swarga, ngasta Pepréntahané Allah,
Kang Mahaagung.

[2] Imam Agung mau ngladosi pangibadah
ing sajroning kémah sejati, ing pérangan
kang kasebut Sasana[h] Mahasuci. Kémah
sejati mau yasané Gusti Allah, dudu
yasané manungsa.

[3] Saben Imam Agung sing katetepaké
ing kalenggahané, kapatah nyaosaké
pisungsung lan kurban-kurban kéwan
marang Gusti Allah; mulané Imam
Agung kita iya kudu kagungan kang
kapisungsungaké.

[4] Saupama Gusti Yésus ana ing bumi
iki, Panjenengané babar-pisan ora
prelu jumeneng Imam, awit wis akèh
imam-imam sing nyaosaké kurban
manut Torèt Yahudi.

[5] Leladiné para imam mau, satemené
mung kaya gambar lan wewayanganing
barang-barang kaswargan. Mengkono
uga kaanané Nabi Musa biyèn, nalika

---

[h]Sasana: Panggènan.

arep ngadani yasa Tarub Pedalemané
Allah, Gusti Allah ngandika marang
Nabi Musa: "Kabèh mau kudu kokgawé
ngetrepi conto sing wis katuduhaké
marang kowé ana ing gunung."
6 Nanging Gusti Yésus kaparingan
pakaryan kaimaman kang luwih luhur
tinimbang pegawéané para imam
mau. Merga Panjenenganè jumeneng
Pantarané prejanjian sing dianakaké ing
antarané Gusti Allah lan manungsa sing
pancèn luwih luhur, merga kadhasaran
janji-janji bab prekara-prekara sing
luwih mulya.
7 Saupama prejanjian sing kawitan
kuwi ora ana cèwèté,[i] prejanjian kang
kapindho ora prelu.
8 Nanging Gusti Allah nacad umaté,
kuwi nalika Panjenenganè ngandika
mengkéné: "Satemené, bakal tekan
wektuné," mengkono pangandikané
Pangéran, "Aku bakal gawé prejanjian
anyar karo turuné Israèl lan turuné
Yéhuda,
9 ora kaya prejanjian kang wis Dakgawé
karo para leluhuré wong-wong mau,
nalika Aku nganthi wong-wong mau metu

---

[i]cèwèt: gèsèh: béda.

saka ing tanah Mesir. Wong-wong mau
padha ora setya marang prejanjian-Ku,
sarta Aku ngemohi wong-wong kuwi,"
mengkono pangandikané Pangéran.
10 "Iya kuwi prejanjian kang bakal
Dakgawé karo turuné Israèl ing
wektu-wektu sabanjuré," mengkono
pangandikané Pangéran. "Angger-
angger-Ku bakal Dakparingaké ana
ing batiné, sarta Dakserat ing atiné,
déné Aku bakal jumeneng Allahé sarta
wong-wong kuwi bakal dadi umat-Ku.
11 Sarta wong-wong mau ora bakal
mulang menèh marang pepadhané
warga, utawa marang pepadhané
sedulur kanthi ngucap, ‘Wanuha marang
Pangéran!’ Awit gedhé cilik kabèh bakal
padha wanuh karo Aku.
12 Aku bakal nandukaké sih-piwelas
marang kaluputané, sarta ora bakal
ngèngeti marang dosa-dosané."
13 Sarèhné Panjenengané ngandika
bab prejanjian anyar, mulané srana
mengkono Gusti Allah mratélakaké yèn
prejanjian sing sepisanan kuwi wis ora
kanggo lan ora ana paédahé. Lan apa
waé sing wis ora kanggo lan ora ana
paédahé, bakal énggal sirna.

9 [1] Prejanjian kang sepisanan kuwi
ngemot prenatan-prenatan bab
pangibadah lan papan pangibadah
gawéané manungsa.
[2] Ana kémah sing didegaké ing sisih
njaba, karan panggonan Suci. Ing
njeroné ana damar, méja lan roti kang
kacaosaké marang Gusti Allah.
[3] Ing mburiné geber kang kapindho ana
kémah menèh karan Sasana Mahasuci.
[4] Ing njeroné ana mesbèh emas sing
dienggo ngobong menyan, lan ana
pethiné prejanjian kalapis emas bleg.
Ing njeroné pethi mau ana guciné emas
isi manna, tekené Imam Harun, sing tau
semi, sarta watu blèbèkan loro katulisan
pepakon sepuluh.
[5] Ing sandhuwuré pethi mau ana
pepethaning[j] malaékat éndah banget,
mrelambangaké yèn Gusti Allah ana ing
kono. Swiwiné malaékat-malaékat mau
ngaubi tutupé pethi pangruwating dosa.
Nanging wektu iki prekara mau ora kena
dijlèntrèhaké siji-siji.
[6] Iya mengkono kuwi enggoné barang-
barang katata ana ing papan kang suci
mau. Saben dina para imam padha

---

[j] pepethan: wewujudan: gambar.

mlebu ing kémah sing sisih ngarep, prelu
nglakoni kuwajibané.
7 Mung Imam Agung piyambak sing
mlebet ing kémah sisih njero, kuwi
waé mung setaun sepisan, sarta kudu
karo nggawa getih kang kasaosaké
marang Gusti Allah, merga saka dosané
piyambak lan dosa-dosané umaté kang
ora kajarag.
8 Srana panatané barang-barang mau
kabèh, Sang Roh Suci nélakaké klawan
cetha, yèn selawasé kémah sing ana ing
sisih ngarep isih ngadeg, dalan menyang
Sasana Mahasuci durung bukak.
9 Kuwi minangka pasemon tumrap ing
jaman saiki. Déné tegesé, pisungsung-
pisungsung lan kurban-kurban kéwan
kang kasaosaké marang Gusti Allah kuwi
ora bisa nyampurnakaké atiné wong sing
ngibadah.
10 Barang-barang mau mung wujud
pangan, ombèn-ombèn, lan tata-cara
werna-werna bab reresik. Kuwi mau
kabèh prenatan-prenatan tata lair
sing kanggoné mung tekan wektuné
samubarang kabèh kaanyarakė déning
Gusti Allah.

11 Nanging Sang Kristus wis rawuh
jumeneng Imam Agung tumraping
barang-barang luhur sing wis ana
ing kéné. Panjenengané nindakaké
peladosané ana ing kémah kang luwih
agung lan luwih sampurna. Kémah mau
ora digawé déning manungsa, tegesé ora
klebu pérangané donya sing dititahaké
iki.
12 Nalika Sang Kristus mlebet ing
péranganė tarub kang njero, ing Sasana
Mahasuci, sepisan kanggo ing selawasé,
Panjenengané ora ngasta getihé wedhus
lanang utawa getihé pedhèt minangka
saosan, nanging ngasta rahé piyambak,
supaya ngangsalaké keslametan tumrap
kita.
13 Getihing wedhus lanang lan sapi
tuwin awuning kurban pedhèt kuwi
kasawuraké marang wong-wong, kang
manut saraking agama klebu wong najis.
Srana patrap mengkono wong-wong
mau padha kasucèkaké saka najisé tata
lair.
14 Yèn sing mengkono kuwi bener,
méndahané menèh rahé Sang
Kristus! Merga Roh kang langgeng,
Panjenengané wis ngurbanaké sariranė

piyambak konjuk marang Gusti Allah,
minangka kurban kang tanpa cacad.
Rahé nucèkaké ati kita saka sakèhing
prekara kang tanpa guna, supaya kita
bisa ngladosi Gusti Allah Kang Gesang.
15 Merga saka kuwi Sang Kristus
rawuh jumeneng Imam Agung lan
Pantarané Prejanjian kang Anyar, supaya
wong-wong sing wis katimbalan padha
bisa tampa ganjaran langgeng, kaya
sing dijanjèkaké Gusti Allah. Kuwi bisané
kelakon merga wis ana sing nglampahi
séda kanggo nebus panerak-panerak
kang katindakaké déning wong-wong
mau sajroning prejanjian sing wiwitan.
16 Menawa ana layang wasiat, kudu
dibuktèkaké, yèn wong sing gawé layang
wasiat mau wis mati.
17 Sebab layang wasiat kuwi lagi sah,
menawa sing gawé wasiat wis mati,
lan layang wasiat mau ora ana gunané
apa-apa sajroné sing gawé wasiat mau
isih urip.
18 Iya kuwi sebabé, mula prejanjian
kang kawitan kudu diabsahaké nganggo
getih.
19 Biyèn Nabi Musa ndhawuhaké sakèhé
pepakon Angger-anggering Torèt,

marang umat kabèh. Nuli panjenengané
mendhet getihing pedhèt lan getihing
cempé lanang dicampur banyu, banjur
dikepyuraké nganggo wulu wedhus sing
wernané abang tuwa lan suket hisop,
ana ing Kitab Torèt lan para umat kabèh.
20 Karo ngandika: "Getih iki ngabsahaké
prejanjian kang katetepaké déning Gusti
Allah supaya koklakoni."
21 Mengkono uga kémah Pedalemané
Allah lan sakèhé piranti sing dienggo ana
ing pangibadah padha dikepyuri getih
mau déning Nabi Musa.
22 Pancèn manut Angger-anggering
Torèt, mèh samubarang kabèh
kasucèkaké srana getih. Mengkono uga
dosa, bisané diapura iya mung srana
wutahing getih.
23 Sakèhing barang sing dadi
gegambaraning prekara-prekara kang
ana ing swarga mau kudu kasucèkaké
srana patrap mengkono mau; nanging
prekara-prekara kaswargan dhéwé
kasucèkaké srana kurban kang luwih
becik tinimbang barang-barang kuwi.
24 Awit Sang Kristus ora mlebet
ing Papan Suci gawéaning tangané
manungsa, kang mung dadi

wewayanganing Papan Suci kang
sejati. Panjenenganė mlebet ing swarga
prelu sowan ing ngarsanė Gusti Allah
makili kita.
25 Imam Agungé wong Yahudi mlebet
ing Sasana Mahasuci setaun sepisan karo
ngasta getihing kéwan. Nanging Sang
Kristus ora mlebet bola-bali ngurbanaké
sariranė piyambak.
26 Awit yèn mengkono Panjenenganė
rak wiwit jagad katitahaké kudu bola-bali
enggoné nglampahi sangsara. Ora
mengkono. Panjenenganė mung rawuh
sepisan kanggo ing selawasé, yakuwi
ing jaman wekasan, kanggo mbirat dosa
srana ngurbanaké sariranė piyambak.
27 Kaya déné manungsa enggoné
pinesthi mati sepisan, lan sawisé kuwi
nuli diadili déning Gusti Allah.
28 Mengkono uga Sang Kristus iya mung
kakurbanaké sepisan kanggo dosané
wong akèh. Panjenenganė bakal rawuh
sepisan engkas, ora kanggo nebus dosa,
nanging nylametaké wong-wong sing
nganti-anti rawuhé.
10 1 Torèté wong Yahudi kuwi ora
awèh gambaran sing cetha sarta
sampurna tumraping prekara-prekara

sing sejatiné. Kuwi mung wewayanganė prekara-prekara becik sing bakal kelakon. Kurban-kurban mono tansah kacaosaké pendhak taun padha waé; mulané srana kurban-kurban sing mengkono mau kepriyé bisané Torèt gawé sampurnané wong-wong sing padha sowan marang ngarsané Gusti Allah?

2 Jalaran menawa wong-wong sing padha ngibadah marang Gusti Allah mau dosané wis diresiki temenan, wong-wong mau rak wis rumangsa ora duwé dosa, lan ora prelu saos kurban menèh.

3 Nanging satemené kurban sing diadani saben taun mau malah ngélingaké wong-wong mau bab dosa-dosané.

4 Getihing sapi lan wedhus lanang mokal yèn bisaa mbirat dosané manungsa.

5 Mulané nalika arep rawuh ing jagad, Panjenenganė matur marang Gusti Allah: "Kurban saha pisungsung mboten Paduka kersakaken, namung Paduka sampun nyawisaken badan dhateng Kawula.

6 Kurban obaran saha kurban pambirating dosa mboten ndadosaken kepareng Paduka.

7 Kawula lajeng munjuk: ‘Samenika
Kawula sowan, dhuh Allah, sumedya
nglampahi kersa Paduka, kados ingkang
kaserat wonten ing Kitab Suci.’"
8 Sekawit Panjenengané matur:
"Kurban saha pisungsung, kurban
obaran tuwin kurban pambirating
dosa sami mboten Paduka kersakaken
lan mboten ndadosaken kepareng
Paduka." Panjenengané ngandika
mengkono, senajan kurban-kurban
mau dipisungsungaké manut Angger-
anggering Torèt.
9 Nuli matur mengkéné: "Samenika
Kawula sowan, dhuh Allah, sumedya
nglampahi kersa Paduka." Mulané Gusti
Allah nyuwak sakèhé kurban-kurban sing
lawas mau, lan diganti nganggo kurbané
Sang Kristus.
10 Sarèhné Gusti Yésus Kristus
nglampahi kersané Allah, mulané kita
kabèh padha karesikan saka sakèhing
dosa-dosa kita, srana ngurbanaké
sariranè piyambak, mung sepisan
kanggo selawasé.
11 Saben imam Yahudi sedina-dina
ngimami lan nglakoni kuwajibané,
marambah-rambah nyaosaké kurban

sing padha waé. Nanging kurban-kurban
mau babar-pisan ora bisa mbirat dosa.
12 Nanging Sang Kristus nyaosaké
kurban krana dosa mung sepisan kanggo
selawasé. Sawisé kuwi Panjenengané
banjur ngasta pangwasa ana ing
Pepréntahané Allah.
13 Panjenengané saiki ana ing kana
nganti tekan wektuné Gusti Allah
nelukaké para mungsuhé Sang Kristus
kadadèkaké ancik-anciking sampéyané.
14 Kaya mengkono Sang Kristus, mung
srana kurban sepisan damel sampurnané
para wong-wong kang karesikan dosané,
ing selawasé.
15 Tumraping prekara kuwi Sang Roh
Suci uga paring paseksi marang kita
mengkéné:
16 "Iki prejanjian kang mbésuk
bakal Dakanakaké karo wong-wong.
Pangandikané Allah menèh: ‘Aku bakal
nyerat angger-angger-Ku ana ing atiné
sarta nanem ana ing batiné.’"
17 Pangandikané Allah menèh: "Aku ora
bakal ngènget-ènget marang sakèhing
dosa lan paneraké."
18 Dadi menawa dosa-dosa lan panerak-
panerak mau wis diapura, ora prelu ana

kurban pambirating dosa menèh sing
kudu kacaosaké.
19 Merga saka kuwi para sedulur;
lantaran sédané Gusti Yésus kita bisa
bébas mlebu ing Sasana Mahasuci mau.
20 Tumrap kita Gusti Yésus wis mbikak
dalaning urip kang anyar, ngliwati geber,
yakuwi sariranė piyambak.
21 Saiki kita padha duwé Imam Agung,
sing ngepalani Pedalemané Gusti Allah.
22 Mulané ayo kita padha sowan ing
ngarsané Allah klawan ati kang éklas lan
precaya sing mantep, klawan ati sing wis
tanpa keluputan, lan klawan badan sing
wis diresiki nganggo banyu sing resik.
23 Padha dimantep ing pengarep-arep
sing wis kita andhemi, awit kita precaya
yèn Gusti Allah bakal netepi prasetyané.
24 Ayo kita padha nggatèkaké
kebutuhané wong siji lan sijiné, sarta
padha tulung-tinulung, yakuwi tandhané
katresnan lan kabecikan.
25 Aja padha ninggal pakulinan kita
ngumpul bebarengan ing kumpulan
ibadah, kaya sing ditindakaké déning
sedulur-sedulur sawetara. Malah ayo
padha éling-ingélingaké awit kita padha

weruh yèn Dinané Gusti, iya dina rawuhé
sing kapindho wis cedhak.
26 Sebab samasa pawartané Gusti Allah
wis kaparingaké marang kita, mangka
kita padha njarag gawé dosa, kuwi
kurban apa waé wis ora bisa mbirat dosa
mau.
27 Kejaba mung kari saprekara, yakuwi
ngentèni tekané pengadilan lan geni
nggegirisi, sing bakal nyirnakaké
wong-wong sing padha nglawan marang
Gusti Allah!
28 Sing sapa ora manut karo Angger-
anggering Torèté Nabi Musa, kaukum
pati tanpa pangapura. Semono mau yèn
keluputané saka paseksiné wong loro
utawa telu.
29 Apa menèh wong sing nyawiyah
marang Putraning Allah! Wong sing
ngrèmèhaké rahé prejanjiané Allah,
kang wis ngresikaké wong mau saka ing
dosa! Wong sing nyawiyah Sang Roh
Suci sing ngasihi marang wong mau,
méndah aboté paukuman sing bakal
ditampa déning wong mau.
30 Sebab kita padha sumurup sapa
Panjenengané sing ngandika: "Aku kang
bakal nindakaké paukuman! Aku kang

bakal nindakaké pemales!" lan sapa
Panjenengané kang ngandika: "Pangéran
bakal ngadili umaté."
31 Saiba enggoné nggegirisi, menawa
kita tumiba ing astané Allah kang asipat
gesang!
32 Padha élinga marang kaananmu dhèk
semana. Sawisé kowé padha nampani
pepadhang saka Gusti Allah, nuli akèh
panunggalanmu sing padha nandhang
sangsara akèh, éwasemono kowé betah.
33 Ana kalané kowé padha dicecamah
sarta dipilara ana ing ngarepé wong
akèh. Kowé uga tau mèlu nglabuhi
wong-wong sing padha nandhang kaya
mengkono.
34 Kowé padha mèlu nandhang sangsara
karo wong sing padha dikunjara. Lan
nalika barang-darbèkmu dirampas,
prekara mau koktampa klawan bungah,
awit kowé ngerti yèn isih duwé barang-
darbé sing luwih gedhé ajiné, sing ora
bakal sirna selawasé.
35 Mulané aja padha semplah, awit
bakal gedhé ganjaranmu.
36 Supaya bisa nglakoni kersané Allah
lan nampani apa sing diprasetyakaké,
kowé kudu sabar,

37 kaya sing dipangandikakaké
ana ing Kitab Suci: "Sedhéla
engkas Panjenengané bakal rawuh;
Panjenengané ora nyumenèkaké[k]
rawuhé.
38 Umat-Ku sing bener, kuwi uripé
merga saka precaya, déné menawa ana
sing murtad, Aku bakal ngemohi wong
mau."
39 Nanging kita iki dudu umat sing
murtad lan mblasar, malah umat
sing precaya lan sing wis nampani
keslametan.

11 1 Precaya tegesé yakin yèn
prekara-prekara sing kita arep-
arep kuwi nyata, senajan saiki ora
katon.
2 Awit iya merga enggoné padha
precaya mau para leluhur kita katampi
ana ing ngarsané Allah.
3 Merga saka precaya kita ngerti yèn
alam jembar iki katitahaké déning
sabdaning Allah. Dadi apa sing saiki
padha kasat mripat iki dumadiné saka
prekara-prekara sing ora kasat mripat.

---

[k]nyumenèkaké: menunda, menangguhkan (bhs. Ind.).

4 Merga saka precaya Habél enggoné
nyaosaké kurban marang Gusti Allah
luwih becik tinimbang kurbané Kain.
Merga saka precaya mau Habél
katunggilaké karo Gusti Allah, mulané
katampi déning Gusti Allah, lan merga
saka precayané mau Habél tekan saiki
isih caturan, senajan dhèwèké wis mati.
5 Merga saka precaya Hénokh ora
ngalami mati, malah kapulung ana ing
ngarsané Allah. Ora ana wong sing bisa
nemokaké dhèwèké, awit wis kapulung.[l]
Kitab Suci nélakaké yèn sadurungé
Hénokh kapulung, uripé gawé renaning
penggalihé Allah.
6 Ora ana wong sing bisa gawé renaning
penggalihé Allah tanpa precaya. Sing
sapa sowan ana ing ngarsané Allah kudu
precaya yèn Gusti Allah kuwi ana, lan
maringi ganjaran marang kang padha
nggolèki Panjenengané.
7 Merga saka precaya Nabi Nuh
ngèstokaké dhawuhé Gusti Allah,
tumrap bab-bab sing bakal kelakon,
senajan prekara-prekara mau durung
katon tandha-tandhané. Mulané banjur
nglakoni dhawuhé Allah, gawé prau

---

[l]kapulung: kapundhut; kaasta; dipun pendhet.

sing mengkoné kanggo nylametaké
sabrayaté. Srana mengkono, ateges
donya dianggep luput; déné Nabi Nuh
dianggep bener déning Gusti Allah merga
saka precayané.
8 Merga saka precaya Rama Abraham
mbangun-turut, nalika katimbalan
déning Gusti Allah supaya bidhal
menyang negara sing dijanjèkaké
marang panjenenganė. Rama Abraham
nilar negarané piyambak tanpa pirsa
dunungé papan sing dituju.
9 Merga saka precaya panjenengané
manggèn ana ing tanah kang dijanjèkaké
mau. Ana ing kana panjenengané
manggèn ana ing kémah. Mengkono uga
Rama Iskak lan Rama Yakub, kang uga
padha nampa janji mau saka Gusti Allah.
10 Awit Rama Abraham ngajeng-ajeng
manggèn ing kutha sing wis karancang
sarta kabangun déning Gusti Allah;
kutha sing tetalesé ora gingsir ing
selawas-lawasé.
11 Merga saka precaya Rama Abraham
saged peputra senajan panjenengané wis
kliwat sepuh sarta Ibu Sarah piyambak
kaanggep gabug. Rama Abraham yakin
yèn Gusti Allah kwaos netepi janjiné.

12 Senajan Rama Abraham nalika
semana presasat wis séda, nanging
saka wong siji mau tedhak-turuné dadi
tanpa wilangan cacahé, sumebar kaya
lintang ing langit, sarta kaya wedhi ing
pinggiring segara.
13 Wong-wong mau kabèh padha
ngantepi precayané. Nalika séda durung
padha tampa prekara-prekara sing
diprasetyakaké déning Gusti Allah
mau, mula mung padha nyawang saka
kadohan lan padha nanggapi kanthi
pengarep-arep. Wong-wong mau padha
rumangsa ana ing bumi kéné padha dadi
wong manca lan wong neneka.
14 Srana kandha mengkono wong-wong
mau padha nélakaké enggoné padha
ngarep-arep negara sing bakal dadi
wutah getihé.
15 Wong-wong mau padha ora kangen
karo negara sing wis ditinggal. Saupama
padha kangena, mesthi iya wis padha
mulih menyang negarané mau.
16 Nanging ora mengkono. Wong-wong
mau malah padha cecengklungen[m]
marang negara sing luwih becik, sing
ana ing swarga. Mulané Gusti Allah ora

---

[m]cecengklungen: ngajeng-ajeng sanget.

lingsem disebut dadi Allahé, sebab wis nyawisaké negara kanggo wong-wong mau.

17 Merga saka precaya Rama Abraham ngurbanaké kang putra Iskak, nalika panjenengané kadadar déning Gusti Allah. Putra mau peparingé Gusti Allah piyambak, éwasemono Rama Abraham rila ngurbanaké putrané ontang-anting.[n]

18 Mangka pangandikané Gusti Allah mengkéné: "Tedhak-turuné Iskak kang bakal dadi turunmu."

19 Sebab Rama Abraham yakin yèn Gusti Allah kwaos nguripaké Iskak saka ing pati; lan yèn mengkono presasat nampèni putrané wangsul saka ing pati.

20 Merga saka precaya Rama Iskak nyawisi berkah kanggo kang putra Yakub lan Ésau.

21 Merga saka precaya, ngarepaké sédané Rama Yakub mberkahi para putrané Rama Yusuf karo suméndhé ing tekené lan saos bekti marang Gusti Allah.

22 Merga saka precaya Rama Yusuf ngarepaké sédané ngandika bab bakal

---

[n]putra ontang-anting: putra namung setunggal, mboten wonten tunggilipun.

budhalé wong Israèl saka ing tanah
Mesir, lan nilar weling bab penguburing
layoné.
23 Merga saka precaya rama lan ibuné
Nabi Musa ndhelikaké putrané nganti
umur telung sasi. Rama lan ibuné
pirsa yèn bayi mau rupané bagus,
lan wong-wong mau padha ora wedi
nglawan dhawuhé Sang Prabu.
24 Merga saka precaya Nabi Musa
sawisé diwasa ora kersa disebut putrané
Sang Pringon.
25 Panjenengané pilih nandhang
sangsara bareng karo umaté Allah
ketimbang ngrasakaké kanikmatan sing
ora suwé saka wohing dosa.
26 Nabi Musa nganggep, yèn
karèmèhaké déning wong merga
saka Sang Kristus kuwi luwih pengaji
ketimbang karo sakèhing kasugihané
negara Mesir. Awit sing dianti-anti mau
kanugrahan sing bakal kaparingaké
déning Gusti Allah.
27 Merga saka precaya Nabi Musa nilar
tanah Mesir, ora ajrih karo dukané Sang
Prabu. Enggoné tansah mantep presasat
panjenengané pirsa Gusti Allah kang ora
ketingal.

28 Merga saka precaya Nabi Musa
mau mrenata Paskah, sarta ndhawuhi
wong-wong padha ngepyuraké getih ana
ing lawang, supaya malaékating pepati
ora matèni anak-anak pembarepé umat
Israèl.
29 Merga saka precaya wong-wong
Israèl padha bisa nyabrang Segara
Teberau kaya mlaku ana ing dharatan.
Bareng wong-wong Mesir nyoba arep
mèlu nyabrang, banjur padha kleleb ana
ing segara mau.
30 Merga saka precaya témbok-témboké
kutha Yérikho ambruk, sawisé diubengi
déning wong-wong Israèl pitung dina
lawasé.
31 Merga saka precaya Rahab, wong
wadon tuna susila kapitulungan slamet
lan ora dipatèni bebarengan karo
wong-wong sing padha nglawan marang
Gusti Allah, awit wis nampani telik-telik
Israèl ana ing omahé kanthi becik-becik.
32 Aku isih saguh terus crita, nanging
wektuné ora cukup, merga aku durung
nyebut Gidéon, Barak, Simson, Yéfta,
Dawud, Samuèl, lan para nabi.
33 Merga saka precaya wong-wong mau
padha perang nelukaké negara-negara.

Sing padha ditindakaké kuwi bener,
mulané padha nampani apa sing dadi
janjiné Gusti Allah. Wong-wong mau
padha mbungkem cangkemé singa,
34 sarta nyirep geni sing mulad-mulad.
Wong-wong mau padha oncat saka
landheping pedhang. Senajan apes
nanging padha dadi gagah prakosa.
Sajroning peperangan wong-wong mau
dadi rosa sarta nelukaké wadyabalané
mungsuh.
35 Merga saka precaya para wong wadon
padha nampani menèh wong-wongé sing
wis padha mati, sebab wis katangèkaké.
Nanging wong-wong liyané padha pilih
mati dipilara sarta ora gelem diluwari,
supaya mbésuk katangèkaké, dadi
ngalami urip sing luwih becik.
36 Ana menèh sing padha dipoyoki lan
disiksa. Liyané ana sing dibanda sarta
dikunjara.
37 Padha dibenturi watu, digraji lan
dipatèni nganggo pedhang. Wong-
wong mau padha nglembara nganggo
sandhangané saka lulang wedhus
gibas utawa wedhus Jawa; padha
kecingkrangan, disangsara sarta
dianiaya.

38 Donya iki ora pantes tumrap wong-
wong mau. Padha nglambrang kaya
wong buronan ana ing pesamunan, lan
ing pegunungan. Padha manggon ana ing
guwa-guwa sarta ing luweng-luwenging
bumi.
39 Saiba gedhéning kasugihané wong-
wong mau kabèh merga saka precayané!
Éwasemono durung padha nampa sing
dijanjèkaké déning Gusti Allah,
40 awit Gusti Allah kagungan rancangan
sing luwih becik kanggo kita, yakuwi
supaya wong-wong mau enggoné
kasampurnakaké lagi mbésuk bareng
karo kita.

12 1 Tumrap kita, kita iki padha
dirubung déning seksi-seksi akèh.
Mulané ayo kita padha nyingkiraké
sakèhing prekara sing ngalang-alangi
laku kita, lan dosa sing tansah
tumèmplèk ing awak kita. Ayo kita padha
mèlu balapan mlayu.
2 Kita mung tansah padha nyenyuwuna
marang Gusti Yésus, awit precaya kita
kuwi mung ana ing Panjenengané,
wiwitan nganti tekan wekasan. Gusti
Yésus ora semplah sajroning nandhang
sangsara ing kayu salib! Malah

merga saka kabungahan kang bakal
katampi, Panjenengané ora ngétang
kanisthaning pati ana ing kayu salib.
Lan saiki Panjenengané ngasta sakèhing
pangwasa ana ing Pepréntahané Gusti
Allah.
3 Padha ngèlingana prekara-prekara
sing dialami déning Gusti Yésus, nalika
ngadhepi wong dosa sing ngesokaké
sengiting atiné marang Panjenengané.
Jaganen supaya atimu aja nglokro lan
semplah.
4 Awit enggonmu perang nglawan dosa
kuwi durung nganti mutahaké getihmu.
5 Apa kowé wis padha lali karo dhawuhé
Allah, sing ngandika marang kowé
kaya bapak marang para putrané: "Hé
anakku, padha titènana, yèn kowé
diperdi déning Gusti Allah, lan atimu
aja nglokro yèn diwelèhaké déning
Panjenengané.
6 Gusti Allah merdi saben wong sing
ditresnani, sarta mecuti saben wong sing
kaanggep putra."
7 Pamecut mau tampanana kaya déné
panggulawenthahé bapak. Apa ana ta
anak sing ora tau disrengeni déning
bapakné?

8 Yèn kowé ora diajar lan digulawenthah
kaya anak-anaké, kuwi ateges kowé
dudu anaké sing absah, nanging anak
jadah.
9 Kita padha duwé bapak ing donya,
sing nggulawenthah kita lan kita ajèni.
Méndahané menèh Rama ing swarga,
yèn ora kudu disuyudi, supaya kita
padha keparenga urip.
10 Wong tuwa kita kadonyan enggoné
merdi kita mung sawetara mangsa,
manut apa sing dianggep becik. Nanging
Gusti Allah enggoné merdi kita murih
becik kita dhéwé, supaya kita dadi suci
kaya Panjenengané.
11 Pancèn! Pamerdi mau kelakoné ora
mbungahaké, malah nyusahaké. Mung
waé sawisé kita padha nampa pamerdi
mau kita banjur manut karo kersané
Allah, lan ndayani urip kita dadi tentrem.
12 Mulané athungna tanganmu sing
sèngklèh lan jejegna dhengkulmu sing
théklok!
13 Padha mlakua ing dalan sing rata,
supaya sikilmu sing pincang mau aja
nganti kejengklok, nanging dadia waras.
14 Padha rukuna karo wong kabèh, lan
ngudia urip sing suci. Jalaran tanpa

mengkono ora ana wong siji waé sing
bisa ndeleng marang Gusti Allah.
15 Padha diawas, aja nganti ana wong
sing nyingkur sih-rahmaté Allah. Padha
sing ngati-ati, aja nganti ana sing dadi
kaya thethukulan eri, sing mung gawé
susahé wong akèh.
16 Padha sing ngati-ati, aja ana sing
laku jina utawa tumindak sing asor kaya
Ésau, kang ngedol wewenangé dadi
anak pembarep diijolaké karo pangan
sepiring.
17 Sawisé kuwi kowé padha ngerti, kaya
apa Ésau enggoné kepéngin nampani
berkahé ramané, nanging ditampik, awit
ora olèh wewengan kanggo ndandani
keluputané, senajan olèhé nyuwun karo
mbrebes mili.
18 Kowé durung padha ngalami
kaya sing wis dialami déning umat
Israèl. Lelakon sing dialami mau kena
digrayang, yakuwi Gunung Sinai sing
geniné mulad-mulad, pepeteng sing
lelimengan, angin lésus,
19 uniné slomprèt lan swara nggegirisi
sing njalari wong-wong sing padha
krungu nganti padha nyuwun, supaya
aja ana swaraning pangandika menèh.

20 Awit padha ora tahan ngrungokaké
pangandika sing dhawuh mengkéné:
"Sarupané sing nggepok gunung iki,
embuh kéwan, embuh manungsa, kudu
mati dibenturi watu."
21 Kaanan mengkono mau nggegirisi
banget, nganti Nabi Musa ngandika:
"Aku giris lan gumeter."
22 Nanging nyatané kowé wis padha
ngadhepi Gunung Sion lan kuthané
Allah kang asipat gesang, yakuwi kutha
Yérusalèm kaswargan, panggonané
malaékat maèwu-èwu.
23 Kowé padha mlebu ing pasamuwané
para putra pembarepé Gusti Allah,
sing jenengé wis padha ditulis ana ing
swarga. Kowé wis padha sowan ing
ngarsané Allah, kang ngadili sakèhing
manungsa, sarta katunggilaké karo
roh-rohé para wong mursid sing padha
kasampurnakaké.
24 Kowé wis padha marek ana ing
ngarsané Gusti Yésus, sing netepaké
prejanjian anyar, lan wis padha nampani
getih sing kakepyuraké, sing medharaké
prekara-prekara sing luwih becik
tinimbang getihé Habél.

25 Mulané padha dingati-ati, supaya
kowé aja padha wegah ngrungokaké
pangandikané kang ngandika iki. Wong-
wong sing padha wegah ngrungokaké
marang Panjenenganè kang nglairaké
pangandikané Allah ana ing bumi iki, ora
padha bisa nylametaké awaké dhéwé,
apa menèh kita, kepriyé bisané slamet,
yèn kita nyingkur Panjenenganè sing
ngandika saka ing swarga!
26 Nalika semana swarané nggonjingaké
bumi. Nanging saiki Panjenenganè wis
janji: "Aku bakal nggonjingaké sepisan
engkas, ora mung bumi, nanging ya
langit."
27 Pangandika "sepisan engkas" kuwi
nélakaké kanthi cetha yèn alam jembar
sing katitahaké iki bakal digonjingaké
lan dibuwang, supaya barang-barang
sing ora gonjing kuwi bisa lestari.
28 Mulané, kita wajib padha saos sukur,
déné Gusti Allah wis maringi kita tanah
kelairan sing ora gonjing. Mulané ayo
kita padha saos panuwun lan padha
ngabekti marang Gusti Allah, kanthi
urmat lan ajrih asih.
29 Awit Gusti Allah sing kita bektèni
kuwi kaya déné geni panglebur.

13 [1] Padha lestaria enggonmu
tresna-tinresnan, kaya déné
sedulur-sedulur sing katunggilaké karo
Sang Kristus.
[2] Kowé aja padha lali awèh
pamondhokan ana ing omahmu marang
wong neneka. Awit tau ana wong sing
srana patrap mengkono tanpa dijarag
jebul nampani malaékat-malaékat.
[3] Padha ngèlingana wong-wong sing
ana ing pakunjaran, kaya-kaya kowé
dhéwé iya bebarengan karo wong-wong
mau dikunjara ana ing kono. Padha
ngèlingana marang wong-wong sing
padha nglakoni disawenang-wenang,
kaya-kaya kowé uga nandhang sengsara
kaya wong-wong mau.
[4] Déné bab neningkahan, kuwi
diajènana déning wong kabèh. Wong
lanang lan wong wadon siji karo sijiné
kudu padha setya, awit Gusti Allah bakal
ngukum saben wong sing laku jina lan
bandrèk.
[5] Kowé aja padha karem bandha; padha
marema karo apa sing kokduwèni. Awit
Gusti Allah wis ngandika: "Aku ora
bakal négakaké kowé, lan kowé ora
pisan-pisan bakal Daktilar."

6 Mulané kita padha ngucapa kanthi
yakin mengkéné: "Gusti Allah kang bakal
mitulungi aku. Aku ora wedi. Manungsa
bisa menggawé apa marang aku?"
7 Padha élinga marang para
panuntunmu, sing biyèn mulang
kowé bab pangandikané Allah.
Padha élinga kepriyé lelakoné nganti
tekan matiné, sarta nulada marang
kaprecayané wong-wong mau.
8 Gusti Yésus Kristus kuwi tetep, ora
éwah gingsir, iya dhèk biyèn, saiki lan
ing selawasé.
9 Kowé aja nganti kena diloropaké
déning piwulang sing néka-néka. Sing
becik yakuwi menawa nyawa kita
kasantosakaké déning sih-rahmaté
Allah, lan ora merga nuruti sarak-sarak[o]
bab pangan. Wong-wong sing biyèn
padha nuruti sarak-sarak mau, ora
padha tampa pituwas apa-apa.
10 Kita padha duwé mesbèh kanggo
nyaosaké kurban marang Allah. Imam-
imam sing padha lelados ana ing kémahé
wong Yahudi, ora padha duwé wewenang
mangan kurban sing ana ing mesbèh
kono.

---

[o]sarak: prenataning agami.

11 Imam agungé bangsa Yahudi mlebu
ing Sasana Mahasuci karo nggawa
getihing kéwan, minangka pambirating
dosa; nanging kéwan-kéwané dhéwé
kaobong ana ing sanjabané kémah.
12 Iya kuwi mulané Gusti Yésus uga
nglampahi séda ana ing sanjabané
gapurané kutha, supaya ngresiki
dosané umat kagungané ngagem rahé
piyambak.
13 Mulané ayo kita padha sowan marang
Panjenengané ana ing sanjabané
gapura lan ndhèrèk nanggel kanisthané
bebarengan karo Panjenengané.
14 Ing donya kéné ora ana negara sing
langgeng; mulané kita padha ngupaya
negara ing jaman sing bakal kelakon.
15 Ayo kita tansah padha saos sukur
marang Gusti Allah, minangka kurban
kita lantaran Gusti Yésus. Yakuwi kurban
sing kasaosaké nganggo tetembungan
kagem kaluhuraning Asmané.
16 Aja padha lali nindakaké kabecikan
lan tulung-tinulung, awit yakuwi kurban
sing gawé renaning penggalihé Gusti
Allah.
17 Padha mbangun-turuta marang
para panuntunmu lan dhawuhé padha

èstokna. Wong-wong mau padha
ora kendhat olèhé ngreksa marang
nyawamu, awit kudu padha ngunjukaké
tanggung jawab marang Gusti Allah bab
enggoné leladi. Yèn kowé mbangun-
turut, wong-wong mau bakal nglakoni
pegawéané klawan bungah, ora karo
ngresula, awit yèn mengkono tumusé[p]
ora becik tumrap kowé.
18 Aku tansah padha dongakna. Aku
yakin yèn atiku resik, awit aku tansah
kepéngin nglakoni prekara-prekara sing
bener.
19 Luwih menèh padha nyenyuwuna
supaya Gusti Allah énggal marengaké
aku bali menyang enggonmu.
20 Gusti Allah wis mungokaké Gusti
kita Yésus Kristus saka ing séda, lan
saiki Panjenengané jumeneng Pangon
kang pinunjul tumraping para ménda
kagunganė. Lan iya sédané kuwi sing
dadi caping prejanjian langgeng.
21 Muga-muga Gusti Allah etuking
katentreman mraboti kowé srana
samubarang sing becik, sing
kokbutuhaké kanggo ngladosi kersané.
Muga-muga lantaran Gusti Yésus, Gusti

[p]tumusé: dayanipun.

Allah marengaké kita padha nindakaké
prekara-prekara sing gawé renaning
penggalihé. Lan supaya Sang Kristus
kaluhuraké ing selawasé! Amin.
22 Penjalukku marang kowé, para
sedulur! Piwelingku iki padha tampanana
klawan sabar, awit layang iki ora dawa.
23 Ndadèkna sumurupmu, yèn sedulur
kita Timotius wis metu saka kunjara. Yèn
wis tekan panggonanku, bakal dakajak
bebarengan niliki kowé.
24 Salam pandongaku marang para
panuntunmu lan marang para umaté
Gusti Allah kabèh. Sedulur-sedulur sing
asalé saka Italia uga padha kirim salam.
25 Sih-rahmaté Gusti Allah anaa ing
kowé kabèh.

Yakobus

1 [1] Salam saka aku, Yakobus, abdiné
Allah lan abdiné Gusti Yésus Kristus,
tumekaa marang sakèhé umaté Allah
kang sumebar ing salumahing bumi.
[2] Hé, para sedulurku! Menawa kowé
padha nampa pacoban werna-werna,
kuwi anggepen kabegjan.
[3] Jalaran yèn sajroné dicoba mau
precayamu marang Gusti Allah tetep,
kowé dadi saya mantep.
[4] Udinen bisané kowé tetep enggonmu
ngandhemi precayamu, nganti dadia
sampurna lan rumangsa ora kekurangan
apa-apa.
[5] Yèn panunggalanmu ana sing kurang
wicaksana, nyuwuna karo Gusti Allah,
mesthi bakal diparingi, awit Gusti Allah
yèn maringi marang sapa waé kanthi
loma lan éklas.
[6] Nanging yèn nyenyuwun, kudu sing
temenan! Aja mangu-mangu. Awit wong
mangu-mangu kuwi ora béda karo
ombak ing segara, sing mung mlayu

mrana mlayu mréné manut lakuning
angin.
7 Wong sing mengkono kuwi aja ngira
yèn bakal nampa apa-apa saka Gusti,
8 awit wong sing atiné mangro,
nindakaké pegawéan apa waé ora tau
bisa rampung kanthi becik.
9 Wong-wong sing miskin padha
bungaha samangsa diluhuraké déning
Gusti Allah.
10 Lan wong-wong sing sugih iya
bungaha, samangsa diasoraké déning
Gusti Allah, awit wong sugih kuwi bakal
sirna, kaya kembang suket.
11 Nalika srengéngé mlethèk, panasé
saya sumelèt, njalari suket mau dadi
alum, kembangé gogrog, éndahé ilang.
Mengkono uga wong sugih iya bakal sirna
nalika lagi padha nglakoni pegawéan
ngundhakaké kasugihané mau.
12 Begja wong sing sajroné nampa
panggodha, tetep precayané, awit
samangsa wis bisa ngalahaké panggodha
mau bakal tampa ganjaran, yakuwi
urip sing dijanjèkaké déning Gusti Allah
marang wong sing padha tresna marang
Panjenengané.

13 Yèn ana wong sing lagi kena ing
panggodha aja muni: "Aku digodha
déning Gusti Allah," jalaran Gusti Allah
ora kena digodha déning piala, sarta
Gusti Allah piyambak ora nggodha
sapa-sapa.
14 Nanging saben wong digodha déning
hawa-nepsuné dhéwé, sing nyèrèd lan
mbujuk marang wong mau.
15 Lan yèn hawa-nepsu kuwi dituruti,
banjur njalari dosa. Déné yèn dosa wis
dilakoni, olèh-olèhané pati.
16 Sedulur-sedulur sing daktresnani!
Aja padha kesasar.
17 Sakèhing peparing sing becik sarta
saben ganjaran sing sampurna kuwi
asalé saka ing swarga, saka Gusti Allah
sing nitahaké sakèhing pepadhang ing
langit. Panjenenganė ora molah-malih,
ora bakal mengker nilar kita ing
petengan.
18 Panjenenganė nitahaké kita saka
kersané piyambak, srana sabdané kang
suci. Mulané kita padha dadi pinunjul ing
antarané para titahé kabèh.
19 Para sedulurku sing daktresnani!
Padha diéling! Saben wong sing padha

cepet yèn ngrungokaké, nanging sing
alon-alon yèn caturan utawa yèn nepsu;
20 awit srana nepsu manungsa ora bisa
nglakoni kersané Gusti Allah.
21 Mulané sarupaning pakulinan sing
ora prayoga lan kelakuan sing ala
padha singkirana. Mbangun-turuta
marang Gusti Allah; lan pangandika
sing didhedher ana ing atimu kuwi
tampanana kanthi andhap-asor, awit iya
pangandika kuwi sing nylametaké kowé.
22 Dhawuhé Allah lakonana, aja mung
dirungokaké waé, sebab yèn mung
kokrungokaké, kuwi padha karo ngapusi
awakmu dhéwé.
23 Awit wong sing mung ngrungokaké
waé tanpa nglakoni, kuwi kaya wong
sing ngilo ana ing pengilon lan mung
weruh rupané.
24 Sawisé namataké rainé dhéwé,
mangka banjur lunga, sanalika wis lali
kepriyé rupané mau.
25 Nanging sing sapa nggatèkaké
dhawuhé Gusti Allah sarta nglakoni
kanthi tumemen, dadi ora mung
ngrungokaké waé, ing sabarang-gawéné
mesthi diberkahi déning Gusti Allah,

sebab dhawuhé Gusti Allah kuwi
sampurna lan ngluwari manungsa.
26 Yèn ana wong sing rumangsa
ngabekti marang Gusti Allah, mangka
ora mekak ilaté, kuwi ngapusi awaké
dhéwé, pangibadahé tanpa guna.
27 Pangabekti sing bener lan tanpa
cacad ana ing ngarsané Gusti Allah,
Rama kita, yakuwi ngrumati para bocah
lola lan para randha ing sajroning
kasangsaran lan njaga supaya awaké
dhéwé aja nganti kena ing jejembering
donya.

2 1 Para sedulurku! Kowé kuwi wong-
wong sing precaya marang Gusti
Yésus Kristus, Kang Mahamulya. Kowé
aja nganggo mbédak-mbédakaké wong
manut kaananané tata lair.
2 Upamané yèn ana wong mlebu ing
kumpulanmu nganggo ali-ali mas lan
sandhangané becik, mangka iya ana
wong miskin sing mlebu nganggo
sandhangan sarwa èlèk,
3 kowé banjur luwih ngajèni marang
sing menganggo sarwa bregas mau lan
kokaturi mengkéné: "Kula aturi lenggah
ing kursi ingkang saé menika," mangka
wong sing miskin mau koktuturi:

"Ngadega ing kono!" utawa: "Lungguha
ing ngisor kéné, cedhak sikilku!"
4 Apa kowé ora padha gawé dosa?
Awit kowé wis mbédak-mbédakaké
pepadhamu, lan wis mawas wong
nganggo pikiran sing ora prayoga.
5 Sedulur-sedulurku sing daktresnani,
wong-wong sing dianggep miskin ing
donya iki, ditampi déning Gusti Allah
saka enggoné precaya. Wong-wong
mau padha dadi umat ing Pepréntahané
Gusti Allah, sing wis dijanjèkaké marang
wong-wong sing padha tresna marang
Panjenengané.
6 Nanging kowé padha ngina marang
wong miskin! Coba pikiren! Sapa sing
nindhes kowé lan nyèrèd kowé menyang
pengadilan? Apa dudu wong-wong
sugih?
7 Iya wong-wong sugih kuwi sing
nyewiyah Asmané Gusti Allah Kang
Mahamulya, sing nimbali kowé dadi para
kagunganè.
8 Yèn kowé netepi dhawuhé Angger-
anggeré Kratoné Gusti Allah, sing katulis
ana ing Kitab Suci: "Kowé tresnaa
marang sapepadhamu, kaya marang
awakmu dhéwé," kuwi wis bener.

9 Nanging yèn kowé padha mbédak-
mbédakaké, kowé dadi nglakoni dosa,
lan kowé uga disalahaké déning Angger-
anggering Torèt, dianggep wong sing
nerak angger-angger.
10 Sapa sing nerak Angger-anggering
Torèt siji waé, kuwi wis nerak Angger-
anggering Torèt kabèh.
11 Sebab sing ngandika: "Kowé aja laku
bédhang," kuwi iya sing ngandika: "Kowé
aja mematèni." Dadi senajan kowé ora
laku bédhang, nanging yèn kowé gawé
pati, kowé uga wis nerak angger-angger.
12 Enggonmu caturan lan enggonmu
tumindak kuwi dikaya wong sing bakal
padha diadili manut Angger-anggering
Torèt sing gawé luwaré manungsa.
13 Awit Gusti Allah bakal maringi
paukuman tanpa nganggo kawelasan
marang wong sing ora nandukaké
kawelasan. Nanging sukur déné
kawelasan kuwi ngalahaké pengadilan!
14 Para sedulurku! Apa gunané wong
muni: "Aku precaya," mangka ora
tumindak apa-apa? Apa precayané mau
bisa nylametaké uripé?

15 Upamané ana sedulur lanang utawa
wadon, sing butuh sandhangan lan
pangan.
16 Apa gunané kowé muni karo wong
mau: "Wis mangkata, muga kecukupan
sandhang lan panganmu," mangka kowé
ora mènèhi marang wong-wong mau
barang sing dibutuhaké?
17 Mengkono uga bab precaya. Yèn
ora dikanthèni tumindak, precaya kuwi
tanpa guna!
18 Bisa uga ana wong sing muni
mengkéné: "Ana wong sing ngendelaké
precayané, ana liyané sing ngendelaké
penggawéné." Wangsulanku mengkéné:
"Coba aku tuduhna, kepriyé bisané wong
nuduhaké precayané tanpa penggawé,
banjur aku bakal nuduhaké marang
kowé precayaku srana penggawé-
penggawéku."
19 Kowé rak precaya ta, yèn Gusti Allah
kuwi mung siji? Sétan-sétan iya precaya,
lan sétan-sétan mau padha gumeter
merga saka wediné!
20 Bodho temen kowé kuwi! Apa
kowé butuh bukti, yèn precaya tanpa
penggawé kuwi tanpa guna?

21 Mengkéné: "Leluhur kita Abraham kuwi enggoné kaanggep bener ana ing ngarsané Gusti Allah rak merga saka penggawéné? Yakuwi nalika panjenenganéné nyaosaké putrané Iskak ana ing mesbèh.

22 Kuwi mau nélakakaké yèn precaya lan penggawé kuwi tumindaké bebarengan, precayané disampurnakaké déning penggawéné."

23 Srana mengkono dadi bener apa sing katulis ing Kitab Suci, sing surasané: "Rama Abraham precaya marang Gusti Allah, lan merga saka enggoné precaya mau panjenengané kaanggep bener ana ing ngarsané Gusti Allah." Merga saka iku Abraham karan: "Mitrané Gusti Allah."

24 Dadi saiki kowé padha ngerti, yèn wong mono enggoné karukunaké karo Gusti Allah iya merga saka penggawéné, lan ora mung merga saka precayané waé.

25 Mengkono uga Rahab, si sundel[a] kaé. Rahab karukunaké karo Gusti Allah iya merga saka penggawéné. Yakuwi nalika

[a]sundel: pelacur (bhs. Ind.).

dhèwèké ndhelikaké para telik[b] Yahudi
lan nulungi wong-wong mau lolos metu
dalan liya.
26 Kaya déné badan tanpa roh kuwi
mati, mengkono uga precaya tanpa
penggawé iya tanpa guna!

3 1 Para sedulur! Panunggalanmu aja
akèh-akèh sing dadi guru, sebab
kowé ngerti yèn kita sing dadi guru
kuwi bakal diadili luwih keras tinimbang
wong-wong liyané.
2 Kita padha kerep gawé keluputan.
Wong sing ora tau gawé keluputan srana
tembung kuwi wong sing sampurna,
lan bisa ngendhalèni badané sekojur
temenan.
3 Kita padha masang kendhali ing
cangkemé jaran, supaya jaran mau
manut karo kita, mula kita bisa
ngendhalèni badané jaran kabèh.
4 Contoné menèh prau: senajan prau
mau gedhé lan disurung angin sing
banter, éwasemono prau mau kena
dirèh nganggo kemudhi sing mung cilik
banget, lan manut sakarepé juru-mudhi.
5 Mengkono uga ilat kita, senajan cilik,
éwadéné bisa ngandhakaké prekara-

---

[b]telik: mata-mata (bhs. Ind.).

prekara sing gedhé. Coba pikiren! Alas
gedhé, kuwi bisa sirna diobong nganggo
geni mung sapelik!
6 Ilat kuwi ya kaya geni, presasat
gudhanging kadurakan. Sarèhné ilat
kuwi pérangané badan kita, mula iya
bisa gawé alané badan kita sekojur. Ilat
bisa ngobong badan kita mau srana
genining nraka.
7 Manungsa bisa gawé tututé kéwan-
kéwan sing galak, bangsa manuk, kéwan
sing rumangkang lan bangsa iwak.
8 Nanging ora ana wong siji waé sing
bisa gawé tututé ilat. Ilat kuwi ala lan
ora bisa dikendhalèni, kebak racun sing
mematèni.
9 Ilat kita enggo saos sukur marang
Gusti Allah, Rama kita, nanging iya kena
kita enggo ngipat-ipati wong liya, sing
iya katitahaké miturut citrané[c] Gusti
Allah.
10 Saos sukur lan ipat-ipat, kelairé saka
sumber siji. Para sedulurku! Pancèné ora
mengkono.
11 Ora ana sumber sing metokaké
banyu tawa lan iya banyu pait saka tuk
siji?

---

[c]citra: gambar: rupi.

12 Wit anjir ora bisa metu wohé zaitun; utawa wit anggur metu wohé anjir, utawa sumber banyu asin ora bakal metokaké banyu tawa.

13 Yèn panunggalanmu ana sing wicaksana lan pinter, kuwi ngétokna kawicaksanan lan kapinteràné srana urip sing becik lan laku sing utama, kanthi andhap-asor lan sarèh ing budi.

14 Nanging yèn ing sajroning atiné padha nduwèni rasa mèri, brangasan lan mung mikir awaké dhéwé, aja padha gumunggung, awit kuwi nyulayani karo dhawuhé Gusti Allah.

15 Kawicaksanan sing kaya mengkono mau pinangkané ora saka ing swarga, nanging saka ing donya. Ora saka Rohé Allah, nanging saka Iblis.

16 Sebab angger ana kumèrèn, mesthi ana rerusuh lan penggawé ala rupa-rupa.

17 Nanging kawicaksanan sing pinangkané saka Rohé Allah kuwi sipaté sing dhisik dhéwé suci, seneng marang katentreman, wataké alus lan sumanak, kebak katresnan lan metokaké woh sing becik tikel-matikel. Kawicaksanan sing mengkono kuwi ora mbédak-mbédakaké lan ora lamis.

18 Winih sing disebar déning wong
sing dhemen marang kerukunan, kuwi
metokaké woh kabecikan.

4 1 Apa sing njalari kowé padha
congkrah lan tukar padu? Apa ora
merga kowé padha seneng ngumbar
hawa-nepsu lan mburu pepénginanmu
lan tansah padha golèk senengmu
dhéwé-dhéwé?
2 Kowé padha mélik marang sawenèhing
barang, nanging ora kelakon, banjur
tuwuh niyatmu arep mematèni!
Kowé kepéngin apa-apa, nanging ora
keturutan, banjur padu lan kerengan.
Kowé ora olèh barang sing kokpéngini,
awit barang mau ora koksuwun karo
Gusti Allah.
3 Lan senajan kowé nyuwun, kowé ora
kaparingan, awit karepmu ala; jalaran
sing koksuwun mau barang-barang sing
arep kokenggo nguja hawa-nepsumu.
4 Hé wong mursal! Apa kowé padha
ora ngerti yèn sing sapa memitran karo
donya iki ateges dadi satruné Gusti
Allah?
5 Aja koksepèlèkaké pangandika
ing Kitab Suci sing surasané: "Atiné

manungsa dikersakaké ngemungna
rumaket marang Panjenengané waé."
6 Éwasemono sih-rahmat sing
diparingaké déning Gusti Allah luwih
gedhé, kaya pangandika ing Kitab Suci:
"Gusti Allah nampik wong gumunggung,
nanging maringi sih-rahmat marang
wong sing andhap-asor."
7 Mulané padha wedi-asiha karo Gusti
Allah; Iblis lawanen, karebèn padha
mlayu ninggal kowé.
8 Padha nyedhaka marang Gusti Allah;
Panjenengané bakal nyelaki kowé.
Tanganmu wisuhana, hé wong dosa! Lan
resikana atimu, hé wong lamis!
9 Padha nlangsaa, padha nangisa lan
sesambata! Guyumu salinana tangis lan
kabungahanmu salinana kasusahan!
10 Padha ngasorna badanmu ana ing
ngarsané Gusti Allah, Panjenengané nuli
bakal ngluhuraké kowé.
11 Hé para sedulur, aja padha ngrasani
lan nenacad liyan! Sing sapa ngrasani
utawa netepaké luputé seduluré,
ateges nacad lan ngluputaké marang
dhawuhé Gusti Allah. Yèn ngluputaké
dhawuh-dhawuh mau ateges kowé ora
sumuyud, nanging dadi hakimé.

12 Mangka sing maringaké dhawuh lan
ngadili manungsa kuwi mung Gusti Allah.
Mung Panjenenganė sing nylametaké
utawa numpes. Rumangsamu kowé
kuwi sapa; kokarep ngadili manungsa
pepadhamu?
13 Kowé sing padha muni: "Ing dina iki,
utawa sésuk aku arep menyang kutha
anu lan ana ing kana setaun lawasé,
arep dagang lan golèk bathi akèh,"
padha rungokna pituturku iki.
14 Kowé rak padha ora ngerti apa sing
sésuk bakal kelakon. Uripmu kuwi rak
mung kaya uwab, sing katon mung
sedhéla banjur ilang.
15 Sing bener kowé kudu muni
mengkéné: "Menawa Pangéran
marengaké aku kaparingan umur dawa,
aku arep ngéné utawa ngono."
16 Nanging saiki kowé gumunggung lan
umuk. Kuwi ora bener.
17 Dadiné saben wong sing ora nglakoni
penggawé becik, mangka ngerti yèn
kuduné dilakoni, kuwi gawé dosa.

5 1 Hé para wong sugih, rungokna
pituturku! Padha nangisa lan
sesambata, merga kowé bakal ketaman
ing kasangsaran.

2 Kasugihanmu padha bosok lan sandhanganmu padha dipangan renget.
3 Mas lan slakamu kena ing timbrah. Iya timbrah kuwi buktiné yèn bandha-bandha mau nglawan marang kowé lan bakal ngrokoti dagingmu, kaya geni sing ngobong awakmu. Kowé wis numpuk bandha ing dina-dina wekasan iki.
4 Rungokna sambaté wong-wong sing padha nyambut-gawé ing palemahanmu sing padha ora kokopahi. Semono uga pangresulané wong sing padha derep ana ing sawahmu wis kapireng déning Gusti Allah, Kang Mahakwasa.
5 Uripmu ing donya kéné kepénak lan kebak kasenengan. Awakmu koklelemu, kaya wedhus sing arep disembelèh.
6 Wong sing bener kokukum, malah kokpatèni, mangka wong mau ora nglawan marang kowé.
7 Para sedulur! Mulané padha sing sabar nganti sarawuhé Gusti. Delengen sepira sabaré wong tani enggoné ngentèni pametuning buminé, sing gedhé ajiné. Kanthi sabar enggoné ngentèni tekané udan ing mangsa rendheng.
8 Mengkono uga kowé kudu padha sabar. Padha dimantep ing pengarep-

arep, awit dina rawuhé Gusti wis
cepak.
9 Hé para sedulurku! Aja padha ngresula
lan nenacad, supaya kowé aja padha
diukum déning Gusti Allah. Awit sing
ngasta pengadilan wis mèh rawuh.
Panjenengané wis jumeneng ana ing
ngareping lawang.
10 Hé para sedulur, padha élinga
karo para nabi sing padha ngandika
atas asmané Allah. Tirunen sabar lan
mantepé sajroné nandhang sangsara.
11 Para nabi mau padha diarani begja,
merga enggoné padha sabar. Kowé rak
wis padha krungu bab kesabarané Rama
Ayub, lan padha ngerti kepriyé wekasané
ganjaran sing kaparingaké déning Gusti
Allah marang Rama Ayub mau, awit
Gusti Allah kuwi gedhé sih-palimirma lan
piwelasé.
12 Luwih-luwih, para sedulur! Yèn
kowé janji apa-apa poma aja nganggo
sumpah. Aja sumpah nganggo seksi
langit utawa bumi, utawa nganggo seksi
apa waé. Yèn "iya" kandhaa "iya," yèn
"ora" kandhaa "ora," supaya kowé aja
nampa paukuman.

13 Yèn kancamu ana sing susah,
dongakna! Yèn ana sing seneng atiné,
padha menyanyia.
14 Yèn ana sing lara, ngaturana para
pinituwané pasamuwan, supaya padha
ndongakna sing lara, lan ngusapi awaké
sing lara mau nganggo lenga atas
asmané Gusti.
15 Pandonga sing metu saka precaya,
bakal njalari wong sing lara mau
kawarasaké déning Gusti lan dosa-
dosané kaparingan pangapura.
16 Mulané padha genti ngakonana
kaluputanmu lan padha donga-
dinongakna, supaya kowé padha
kuwarasan. Pandongané wong sing
netepi dhawuhé Gusti Allah, yèn
diucapaké kalayan yakin kuwi gedhé
sawabé.
17 Nabi Élia kuwi rak mung wong lumrah
kaya kita. Panjenengané ndedonga
kanthi temen-temen supaya aja ana
udan, lan telu setengah taun lawasé ora
ana udan temenan.
18 Bareng panjenengané ndedonga
menèh, langit nuli ngesokaké udan lan
bumi metokaké woh.

19 Hé para sedulurku! Yèn
panunggalanmu ana wong sing
murtad, banjur ana sedulur sing nuntun
wong mau dadi mratobat,
20 ngertia yèn sing sapa mbalèkaké
wong dosa saka lakuné sing nylèwèng,
kuwi ateges ngentasaké nyawané wong
mau saka ing pati, lan iya njalari akèh
dosa sing olèh pangapura. Saka aku,
Yakobus

1 Petrus

1 [1] Layangku, Pétrus, rasulé Gusti
Yésus Kristus, tumekaa marang
umat pilihané Gusti Allah, sing padha
dadi wong neneka manggon ana ing
sawratané tanah Pontus, Galatia,
Kapadhokia, Asia Cilik lan Bitinia.
[2] Kowé wis padha kapilih miturut
kersané Allah, Sang Rama, lan déning
Rohé kadadèkaké umaté kang suci,
supaya kowé padha mbangun-turut
marang Gusti Yésus lan karesikaké saka
dosa lan jejembering dosamu déning
rahé. Panyuwunku mawantu-wantu[a]
marang Gusti Allah, muga kowé padha
kaparingana lubèring sih-rahmat lan
tentrem rahayu.
[3] Pinujia Gusti Allah, Ramané Gusti kita
Yésus Kristus! Merga saka gedhéning
sih-rahmaté, Panjenengané wis nglairaké
kita menèh srana wunguné Gusti Yésus
Kristus saka ing séda. Merga saka kuwi
urip kita kebak ing pengarep-arep,

---

[a] mawantu-wantu: tanpa kendhat.

4 lan kita padha nganti-anti marang
panduman sing kacawisaké déning
Gusti Allah kanggo umat kagunganė.
Panduman mau kasimpen kanggo kowé
ana ing swarga, mulané ora bisa rusak,
reged utawa alum.
5 Panduman kuwi kanggo kowé, sing
padha kareksa keslametanmu déning
pangwasané Gusti Allah. Keslametan
mau bakal kawedharaké mbésuk ing
jaman wekasan.
6 Mulané padha bungah-bungaha,
senajan ing wektu saiki kowé
kudu nandhang kasusahan merga
pendadaran[b] rupa-rupa sing kudu
kokalami.
7 Pamrihé ora liya supaya katona
murniné precayamu. Senajan mas pisan,
sing bisa rusak kuwi diuji murniné srana
geni, apa menèh precayamu sing luwih
aji tinimbang mas, kudu diuji iya supaya
katona murniné. Temahan ing Dina
rawuhé Gusti Yésus Kristus, kowé olèh
pengalem, kamulyan lan kaurmatan.
8 Kowé padha tresna marang
Panjenenganė, senajan ora kokdeleng.
Kowé padha precaya marang

---

[b]pendadaran: ujian (bhs. Ind.).

Panjenenganè, senajan ora koksipati.
Kabungahan sing kokalami kuwi gedhé
lan mulya banget, nganti ora kena
dikandhakaké nganggo tembung.
9 Awit kowé wis padha tampa sing dadi
wohing precayamu, yakuwi keslametané
nyawamu.
10 Iya bab keslametan kuwi sing wis
dititi-priksa klawan nastiti déning para
nabi, sing padha meca bab sih-rahmat
sing bakal diparingaké déning Gusti Allah
marang kowé.
11 Para nabi mau padha nitipriksa
kapan wektuné lan kepriyé patrapé
sih-rahmat mau kaparingaké. Lan Rohé
Sang Kristus sing ana ing para nabi kuwi
nedahaké wektu mau, srana pamecané
bab kasangsaran rupa-rupa sing bakal
dialami Sang Kristus lan bab sakèhing
kamulyan sing sawisé kuwi bakal
kaparingaké marang Panjenenganè.
12 Para nabi mau wis padha kaparingan
pangerti déning Gusti Allah, yèn enggoné
leladi mau ora kanggo awaké dhéwé,
nanging kanggo kowé. Para nabi mau
padha medharaké prekara-prekara sing
saiki wis kokrungu saka wong-wong sing
padha ngabaraké Injil. Wong-wong mau

enggoné martakaké srana pangwasaning
Rohé Allah sing kautus saka ing swarga.
Senajan para malaékat pisan padha
kepéngin sumurup bab prekara-prekara
mau.
13 Mulané padha pikiren apa sing
arep koktindakaké. Diwaspada lan
ngemungna padha ngarep-arep marang
berkah sing bakal diparingaké marang
kowé, samangsa Gusti Yésus rawuh.
14 Padha mbangun-turuta marang Gusti
Allah, lan aja nuruti hawa-nepsu sing
ngerèh uripmu kaya dhèk biyèn, nalika
kowé isih padha bodho.
15 Malah padha disuci ing sadhéngah
perkara sing koklakoni sajroning uripmu,
kaya déné Gusti Allah kang nimbali kowé
iya suci.
16 Ing Kitab Suci katulis: "Padha disuci,
awit Aku iki suci."
17 Kowé nyebut Gusti Allah ‘Rama’,
samasa kowé padha ndedonga marang
Panjenengané. Nanging Gusti Allah
ngadili kabèh wong tanpa pilih
kasih, manut penggawéné dhéwé-
dhéwé. Mulané uripmu ing donya
padha nganggoa wedi-asih marang
Panjenengané.

18 Sebab kowé padha sumurup apa sing
kanggo nebus uripmu sing tanpa guna,
sing kokwarisi saka leluhurmu, dudu
barang sing bisa rusak, uga dudu slaka
utawa mas,
19 nanging srana kurban sing pengaji
banget, yakuwi Sang Kristus piyambak,
kaya déné wedhus sing tanpa cacad lan
mulus.
20 Panjenengané kapilih déning Gusti
Allah sadurungé jagad katitahaké. Merga
saka kowé Panjenengané ndungkap
akir jaman iki, rawuh ing donya paring
keslametan.
21 Lantaran Panjenengané kowé padha
precaya marang Gusti Allah, kang
wis mungokaké Gusti Yésus saka ing
séda lan maringi kamulyan marang
Panjenengané; temahan saiki kowé
padha precaya temenan marang
Gusti Allah lan mung ngendelaké
Panjenengané.
22 Saiki sarèhné srana netepi dhawuhé
Gusti Allah kowé wis padha nucèkaké
awakmu, temahan bisa tresna lair batin
marang pepadhamu wong-wong sing
precaya, mulané padha mempenga

enggonmu tresna-tinresnan kanthi
gumolonging ati.
23 Awit enggonmu padha kalairaké
menèh kuwi déning pangandikané Gusti
Allah kang gesang lan kang langgeng,
kaya déné anak saka Bapak sing kalis
ing pati, dudu bapak manungsa,
24 kaya sing tinulis ing Kitab Suci
mengkéné: "Sakèhing manungsa kuwi
kaya suket, sarta kabèh kaluhurané
kaya kembanging suket. Menawa suketé
garing, kembangé nuli gogrog;
25 nanging pangandikané Pangéran
tetep ing selawasé." Iya kuwi pangandika
sing wis diwartakaké marang kowé
déning Injil.

2 1 Mulané marènana saka sakèhing
piala. Aja padha goroh menèh, aja
lamis, aja mèri, lan aja seneng ngala-ala.
2 Dikaya bayi sing lagi lair, sing tansah
kepéngin marang susu rohani sing
murni, supaya srana ngombé mau kowé
dadi diwasa lan kaslametaké.
3 Kaya sing tinulis ing Kitab Suci
mengkéné: "Kowé wis ngrasakaké
dhéwé kabecikané Gusti Allah."
4 Padha mareka marang Gusti Yésus.
Panjenengané kaupamakaké watu sing

urip, sing ditampik déning manungsa,
nanging dipilih déning Gusti Allah lan
gedhé banget ajiné.
5 Kowé dadia kaya watu kang urip,
supaya kaagem mbangun pedaleman
kasukman. Ana ing pedaleman kuwi
kowé dadi imam-imam suci, sing leladi
nyaosaké kurban-kurban rohani, sing
merga déning Gusti Yésus Kristus
katrimah ing Allah.
6 Sebab ing Kitab Suci katulis
mengkéné: "Sejatiné Aku wis masang
watu ana ing Sion, watu tetales
sing pengaji banget, déné sing sapa
kumandel marang kuwi mau, bakal ora
kewirangan."
7 Enggoné kasebut aji mau tumraping
kowé, sing padha precaya. Nanging
tumrap sing padha ora precaya ing
Kitab Suci katulis mengkéné: "Watu sing
wis ditampik déning juru yasa omah,
sing dadi watu tetales mau, uga dadi
tanggoran lan sandhungan."
8 Enggoné padha kesandhung
kuwi merga ora precaya marang
pangandikané Allah; kaya mengkono
sing dadi kersané Gusti Allah tumrap
wong-wong mau.

9 Nanging kowé kuwi bangsa sing pinilih,
imam-imamé Sang Prabu, bangsa sing
suci, umat kagungané Allah piyambak.
Supaya padha martakaké pakaryané
Gusti Allah sing ngéram-éramaké. Gusti
Allah wis nimbali kowé saka pepeteng
marang pepadhangé kang éndah.
10 Biyèn kowé dudu umaté Allah,
nanging saiki dadi umat kagungané.
Biyèn kowé ora ngerti marang sih-
rahmaté Gusti Allah, nanging saiki kowé
wis ngrasakaké sih-rahmaté.
11 Para sedulurku sing daktresnani!
Aku pitutur marang kowé, sing ana ing
donya kéné dadi wong neneka lan wong
manca! Aja padha nuruti pepénginaning
badan, awit pepénginaning badan kuwi
tansah nglawan marang nyawa.
12 Dibecik uripmu ana ing satengahing
bangsa-bangsa sing ora wanuh karo
Gusti Allah, supaya samangsa wong-
wong mau padha mitenah kowé, diarani
durjana, padha nyumurupi penggawé-
penggawému sing becik, temahan padha
ngluhuraké Gusti Allah ing Dina rawuhé.
13 Demi kersané Gusti, padha sumuyuda
marang sedhéngah pepréntahané

manungsa, dadia marang Kaisar, kang
ngasta pangwasa sing dhuwur dhéwé,
14 dadia marang para gubernur kang
kautus ngukum para wong sing nglakoni
piala, lan ngajèni wong-wong sing gawé
becik.
15 Sebab wis dadi kersané Allah, supaya
kowé srana penggawé becikmu mau
mbungkem cangkemé wong-wong sing
nggladrah gunemé.
16 Padha uripa kaya wong merdika,
nanging aja migunakaké kamerdikanmu
kanggo nutupi piala. Uripmu dikaya
abdiné Allah.
17 Padha ngajènana wong kabèh; padha
nresnanana sedulur-sedulurmu tunggal
precaya. Padha wedia marang Gusti
Allah, lan ngurmatana Sang Kaisar.
18 Kowé para batur, padha sumuyuda
kanthi pakéring marang para bendaramu,
ora mung karo bendaramu sing luhur
bebudèné lan sumanak, nanging uga
karo sing kereng.
19 Gusti Allah bakal mberkahi kowé
samangsa padha betah nandhang
panganiaya sing ora adil, merga ngerti
yèn kuwi kersané Allah.

20 Sebab yèn kowé digebugi merga
tumindakmu sing ala, kuwi rak wis
samesthiné. Nanging menawa sing
koklakoni mau bener, mangka kowé
digebugi, kuwi kowé bakal nampa
sih-kadarmané Allah.
21 Sebab yakuwi kersané Allah enggoné
nimbali kowé. Awit Sang Kristus
piyambak wis nandhang sangsara krana
kowé, maringi tuladha supaya kowé uga
nglakoni kaya Panjenengané.
22 Panjenenganė ora gawé dosa.
Ngandikané ora tau goroh.
23 Nalika Panjenengané dipisuhi, ora
males misuhi. Nalika dipilara, ora
ngancam, nanging sumarah marang
Gusti Allah, kang jumeneng Hakim kang
adil.
24 Sang Kristus piyambak wis ngrembat
dosa-dosa kita srana sariranė kasalib,
kuwi supaya kita padha luwar saka
pangwasané dosa (tegesé: ora gawé
dosa menèh srana badan kita), lan
padha nindakna kersané Allah. Merga
saka bilur-biluré Sang Kristus kowé wis
padha diwarasaké.
25 Dhèk biyèn kowé kaya wedhus-
wedhus sing kesasar, nanging saiki

kowé wis padha digawa mulih, supaya
ngetutaké Sang Kristus, Pangon lan
Pamomongé nyawamu.

3 1 Mengkono uga kowé para wong
wadon, padha sumuyuda marang
bojomu, supaya menawa ana wong sing
ora precaya marang pangandikané Allah,
padha kagèndènga dadi wong precaya,
merga saka tingkah lakumu, tanpa
nganggo ngucapaké apa-apa,
2 mung merga saka nyawang
kelakuanmu sing lugu lan mursid iku.
3 Aja ngemenaké enggonmu dandan
tata lair, kayata: srana enggonmu nata
rambut, utawa menganggo sandhangan
sing éndah.
4 Nanging kaéndahanmu katona saka
kasusilanmu, yakuwi saka kaluhuraning
batin sing sarèh lan anteng. Ya sing
mengkono kuwi sing langgeng lan
pengaji ana ing ngarsané Allah.
5 Kaya mengkono kuwi patrapé para
wong wadon sing precaya dhèk jaman
biyèn olèhé padha ngrengga awaké.
Wong-wong mau padha sumuyud
marang para bojoné.
6 Mengkono uga Ibu Sarah,
panjenengané sumuyud marang

Rama Abraham kang disebut "bendara". Kowé kuwi rak para putrané putri, semono mau yèn kowé padha nglakoni sing becik lan ora wedi karo sapa waé.
7 Semono uga kowé, para wong lanang, enggonmu jejodhoan nganggoa duga-duga, nganggo ngèlingi yèn bojomu luwih ringkih badané. Padha ajènana merga bojomu kuwi uga wong sing uripé saka sih-rahmaté Allah kaya kowé, supaya pandongamu ana ing ngarsané Allah ora kaalangan.
8 Wasana kowé kabèh padha nunggala rasa lan budi. Padha tresna-tinresnanana kaya sedulur, ambek welasan andhap-asor.
9 Aja males piala nganggo piala, ipat-ipat nganggo ipat-ipat. Malah padha mujèkna becik, merga iya mengkono kuwi maksudé enggonmu padha tinimbalan, supaya kowé padha kaberkahana. Sebab:
10 "Sing sapa seneng urip lan kepéngin ngrasakaké dina-dina sing becik, kudu mekak ilaté, aja nganti kewetu kang ala sarta nyegah lambéné ngucapaké sing goroh.

11 Nyingkirana piala, sarta nglakonana
kang becik, sabisa-bisa ngudi bisané
nggayuh katentreman.
12 Awit tingalé Allah iku tumuju marang
para wong sing ngèstokaké dhawuhé,
lan talingané nilingaké pandongané;
nanging wong sing nglakoni piala dilawan
déning Pangéran."
13 Sapa sing arep gawé ala karo kowé,
yèn kowé sregep nglakoni kabecikan?
14 Nanging senajan kowé kudu
nandhang sangsara pisan merga saka
enggonmu nglakoni prekara sing becik,
kowé bakal begja. Mulané aja padha
wedi karo apa utawa sapa waé lan aja
padha kuwatir.
15 Nanging padha ngluhurna Sang
Kristus ana ing atimu krana enggoné
jumeneng Allah. Ditansah cumadhang
awèh ketrangan marang saben wong
bab keyakinanmu, diklawan alus lan
andhap-asor.
16 Mengkono uga klawan rumangsané
ati kang resik, supaya wong sing
mitenah marang kowé merga enggonmu
padha dadi muridé Sang Kristus, padha
kawelèh déning kelakuanmu mau.

17 Awit menawa pancèn dikersakaké
déning Gusti Allah, luwih becik kowé
nandhang sangsara merga saka
penggawé bener, ketimbang karo
nandhang sangsara merga nglakoni
piala.
18 Awit Sang Kristus piyambak
nglampahi sangsara merga saka
kowé. Panjenenganè séda sepisan
kanggo selawasé krana sakèhing dosa
kita. Panjenenganè kang tanpa dosa,
nglampahi séda kanggo wong-wong
dosa, supaya Panjenenganè saged
nyowanaké kita ana ing ngarsané Allah.
Tumraping sariranè, Panjenenganè
disédani, nanging tumraping rohé
Panjenenganè kawungokaké.
19 Srana kawontenanè sing wujud roh
mau Panjenenganè martosaké Injil
marang roh-roh sing padha dikunjara:
20 yakuwi roh-rohé para wong sing
dhèk jamanè Nabi Nuh yasa prau padha
ora mbangun-turut marang Gusti Allah,
senajan Gusti Allah wis ngantos-antos
klawan sabar. Mung wong sawetara,
yakuwi wong wolu ing sajroning prau
sing dislametaké, oncat saka banjir mau.

21 Semono uga kowé saiki kapitulungan
slamet kanggo ibarating lelakon mau,
yakuwi baptis, sing maksudé ora kanggo
ngresiki reregeding badan, nanging
minangka janji sing kokucapaké ing
ngarsané Allah saka ati sing resik.
Baptisan kuwi sing mitulungi slamet
marang kowé merga déning wunguné
Sang Kristus Yésus,
22 kang wis sumengka ing swarga lan
saiki ngasta Pepréntahan bebarengan
karo Gusti Allah, ngerèh sakèhing
malaékat, para pangwasa lan para
pamisésa kang ana ing langit.

4 1 Sarèhné Sang Kristus, mungguh ing
sariranė, wis nglampahi sangsara,
kowé uga kudu duwé tékad sing
mengkono. Merga sapa sing wis
nandhang sangsara cara kedagingan,
kuwi wis marèni enggoné nglakoni dosa.
2 Mulané wiwit saiki, sajroné kowé urip
ana ing donya, uripmu aja kokenggo
nuruti kepéncuting daging, nanging
enggonen nglakoni kersané Allah.
3 Dhèk semana wis cukup enggonmu
nglakoni kaya sing dilakoni déning wong
ora precaya, yakuwi laku jina, nguja
hawa-nepsu, mendem, murang-tata,

jibar-jibur lan nyembah brahala nganggo
cara sing njijiki.
4 Nanging wong-wong mau saiki padha
gumun déné kowé kokora mèlu karo
dhèwèké nyemplung ing kedhung
bladhering dosa. Kuwi sebabé saiki kowé
padha dipitenah.
5 Nanging wong-wong mau bakal
ngaturaké penjawab marang Gusti Allah,
sing wis siyaga[c] ngadili wong sing isih
urip lan wong sing wis mati.
6 Yakuwi preluné Injil kawartakaké uga
marang wong mati, supaya senajan wis
padha kaukum tumraping badan ora
béda karo wong kabèh, rohé wong-wong
mau bisaa urip kaya sing dikersakaké
déning Gusti Allah.
7 Samubarang wis mèh tekan kikisé.
Mulané kowé kudu padha bisa ngerèh
awakmu dhéwé, diwaspada lan
ndedongaa.
8 Sing prelu dhéwé padha mempenga
enggonmu tresna-tinresnan, awit
katresnan kuwi ngapura keluputan.
9 Padha dhangana nampani padha
sedulur ana ing omahmu tanpa
nggrundel.

---

[c]siyaga: siap (bhs. Ind.).

10 Kaya déné juru-gedhong sing
becik sing nampa peparingé Allah
mawarna-warna, kuwi padha kagawéa
ladèn-linadènan manut peparingé
dhéwé-dhéwé.
11 Sing memulang, mulangna
pangandikané Allah. Sing leladi, leladia
srana kekuwatan sing kaparingaké
déning Gusti Allah, supaya ing
samubarang prekara asmané Allah
kaluhuraké lantaran Gusti Yésus
Kristus, awit Panjenengané kang
kagungan kamulyan lan pangwasa ing
selawas-lawasé. Amin.
12 Para kekasih, aja padha gumun ing
ngatasé pendadaran abot sing padha
koksangga, kaya-kaya kowé ketaman
barang sing ora lumrah.
13 Malah padha saosa sukur, awit
kowé padha nandhang sapéranganing
kasangsarané Sang Kristus, supaya
kowé kepareng bungah samangsa Sang
Kristus rawuh.
14 Begja kowé menawa diina ing wong
merga enggonmu padha dadi muridé
Sang Kristus. Kuwi ateges yèn Roh kang
mulya, yakuwi Rohé Allah, dumunung
ana ing kowé.

15 Aja ana panunggalanmu sing
nandhang sangsara merga matèni wong,
utawa maling, utawa nyampuri urusané
wong liya.
16 Nanging yèn enggonmu nandhang
sangsara mau merga saka enggonmu
dadi wong Kristen, kowé ora susah isin.
Malah aturna panuwun marang Gusti
Allah, déné kowé diparengaké neksèni
asmané Sang Kristus.
17 Saiki wis tekan wektuné Gusti Allah
ngadili jagad. Déné sing bakal diadili
dhisik iku umaté Allah piyambak. Lan
menawa kita sing diadili dhisik, kepriyé
bakal wekasané wong-wong sing padha
ora precaya karo Injilé Allah?
18 Kaya sing dingandikakaké déning
para nabi: "Yèn wong mursid waé angèl
enggoné kaslametaké, wong duraka lan
wong dosa bakal kepriyé kedadéané?"
19 Merga saka kuwi, sing sapa nandhang
sangsara miturut kersané Allah, padha
pasraha marang kang paring urip,
klawan tansah nglakoni kabecikan, awit
Panjenengané selawasé tansah netepi
prasetyané.

5 1 Para pinituwané pasamuwanmu
padha dakpitututuri, yèn enggonku

nulis iki merga aku dhéwé iki pinituwa
sarta seksiné sangsarané Sang Kristus,
sing bakal mèlu nampa kamulyané kang
bakal kebabar.
2 Engonen pepanthaning méndané
Gusti Allah sing dipasrahaké marang
kowé; reksanen klawan rilaning ati, kaya
sing dikersakaké déning Gusti Allah,
lan aja krana kepeksa. Aja nindakaké
pegawéanmu merga mélik bayaran,
nanging merga kadereng[d] déning rasa
kepéngin ngabdi.
3 Kowé aja ngerèh wong-wong kang
kapitayakaké marang pangreksamu,
nanging padha dadi tuladha tumrap
pepanthaning méndané.
4 Lan samangsa Pangon Agung rawuh,
kowé bakal tampa makutha mulya, sing
cahyané ora bisa surem.
5 Mengkono uga kowé para nom-noman,
padha sumuyuda marang para wong
tuwa. Lan padha diklawan andhap-asor
enggonmu padha ladèn-linadènan,
sebab ing Kitab Suci katulis: "Gusti
Allah sengit karo wong angkuh, nanging
melasi wong sing andhap-asor."

---

[d]kadereng: didorong (bhs. Ind.).

6 Mulané padha nungkula ing sangisoring astané Allah Kang Mahakwasa, supaya yèn wis tekan wektuné kowé diluhuraké.

7 Sakèhing sumelangmu pasrahna marang Gusti Allah, awit Panjenengané sing ngopèni kowé.

8 Padha diwaras ing budi sarta diprayitna. Iblis mungsuhmu klinteran kaya singa nggero-nggero golèk memangsan.

9 Padha mantepa ing precaya lan Iblis lawanen, awit kowé padha sumurup yèn kanca-kancamu tunggal precaya sajagad wrata uga ngalami nandhang sangsara sawetara.

10 Gusti Allah sumbering sih-rahmat, sing wis nimbali kowé kabèh lantaran Sang Kristus marang kamulyan kang langgeng, bakal nyampurnakaké kowé lan maringi kasantosan lan kekuwatan sing ora bisa gingsir.

11 Iya Panjenengané kuwi sing kagungan pangwasa langgeng ing selawasé. Amin.

12 Enggonku nulis layang sing cekak marang kowé iki srana pitulunganè Silas, sing dakanggep sedulur sing kena

diprecaya. Preluné kanggo ngatag-atag
lan awèh paseksi bab sih-rahmaté
Allah sing sanyata, sing prayoga padha
kokandel.
13 Sedulur-sedulurmu tunggal
sapasamuwan sing ana ing Babil, sing
iya pinilih déning Gusti Allah, kirim salam
marang kowé. Mengkono uga anakku
Markus.
14 Padha awèha salam siji karo sijiné
klawan pengambung suci. Kowé kabèh
padha kaparingana katentreman ana ing
patunggilané Sang Kristus Yésus. Saka
aku, Pétrus

2 Petrus

1 [1] Layang saka Simon Pétrus, abdi lan
rasulé Gusti Yésus Kristus, tumekaa
marang para sedulur sing padha
kaya aku kabèh kaparingan precaya
marang Gusti Yésus Kristus, Allah sarta
Juru Slamet kita. Panjenengané kang
nglampahi sakèhé kaleresan kanggo
kita.
[2] Muga-muga sih-rahmat lan tentrem-
rahayu nglubèrana kowé kabèh merga
saka enggonmu wanuh karo Gusti Allah
lantaran Panjenengané.
[3] Merga saka pangwasané, Gusti Allah
wis nimbali kita lan maringi samubarang
sing maédahi, supaya kita padha bisa
urip lan ngabekti marang Panjenengané.
Panjenengané wis nimbali kita supaya
kita mèlu ngrasakaké pangwasané kang
mulya lan kasaénané.
[4] Panjenengané wis netepi janjiné
srana paring berkah kang adi sing
gedhé banget paédahé marang kita,
satemah kowé padha bisa nunggil karo
Panjenengané, sarta ora kedayan déning

pangrusaking hawa-nepsu sing ana ing
donya iki.
5 Iya merga sing mengkono mau
kowé padha mempenga enggonmu
mbudidaya, supaya precayamu marang
Sang Kristus kawuwuhana penggawé
becik, sarta penggawé becik mau
kawuwuhana kawruh.
6 Lan kawruhmu kawuwuhana kabisan
ngerèh awaké dhéwé, ngerèh awaké
dhéwé kawuwuhana tataging ati, lan
tataging ati kawuwuhana kamursidan.
7 Lan kamursidan kawuwuhana
katresnan marang para sedulur,
lan katresnan marang para sedulur
kawuwuhana katresnan marang wong
kabèh.
8 Menawa kowé kadunungan prekara-
prekara kuwi mau kabèh nganti lubèr,
kawruhmu bab Gusti kita Yésus Kristus
bakal marakaké panyambut-gawému
saya mempeng lan saya gedhé paédahé.
9 Nanging sing sapa ora nglakoni
kuwi mau kabèh, bakal dadi wuta lan
panemuné dadi cethèk, awit wong kuwi
lali, yèn dosa-dosané wis kaapura.
10 Mulané para sedulurku. Padha
mempenga enggonmu mbudidaya,

supaya nyantosakaké enggonmu padha
tinimbalan lan pinilih déning Allah.
Merga menawa kowé padha nglakoni
mengkono, lakumu bakal ora kandheg.
11 Sarta kowé bakal padha kaparingan
wewenang sakatogé mlebu ing Kraton
Kang Langgeng, yakuwi Kratoné Gusti
lan Juru Slamet kita, Yésus Kristus.
12 Mulané aku bakal tansah ngélingaké
marang kowé bab prekara-prekara mau,
senajan kowé wis padha ngerti lan
wis padha ngantepi kayektèn sing wis
koktampani kuwi.
13 Pancèn wis dadi kuwajibanku
tansah ngélingaké kowé ing ngatasé
prekara-prekara kuwi, selawasé aku isih
urip.
14 Aku ngerti yèn ora suwé menèh aku
bakal ninggal badan jasmaniku iki, kaya
sing wis dipangandikakaké klawan cetha
déning Gusti kita Yésus Kristus.
15 Mulané aku tansah mbudidaya
supaya senajan aku mengko wis tilar-
donya, kowé tansah kèlingan marang
prekara-prekara mau kabèh.
16 Enggonku mulang marang kowé
bab Dina rawuhé Gusti Yésus Kristus
kanthi ngagem pangwasa iki ora manut

dongèng-dongèng pangothak-athiké
manungsa, nanging aku padha nyipati
nganggo mripatku dhéwé kamulyané
Sang Kristus.
17 Aku padha ana ing kana nalika
Panjenenganè diluhuraké déning
Allah Sang Rama, yakuwi nalika ana
swara saka Kang Mahaluhur ngandika
marang Panjenenganè, dhawuhé: "Iki
Putraningsun kang Daktresnani, kang
gawé renaning ati-Ku."
18 Aku padha krungu dhéwé swara mau,
kang tekané saka ing swarga, yakuwi
dhèk nalika aku padha bebarengan karo
Panjenenganè ana ing gunung suci.
19 Merga saka kuwi aku padha
saya yakin tumraping pawarta sing
diwedharaké déning para nabi. Saiba
beciké menawa kowé uga padha
nggatèkaké pawarta kuwi, sebab
pawarta mau kaya lampu sing sumunar
madhangi panggonan sing peteng nganti
tumekané ésuk, lan kaya cahyaning
lintang panjer ésuk kang sumunar ana
ing atimu.
20 Nanging sing prelu dhéwé
kokgatèkaké yakuwi mengkéné: Ora ana

wong sing bisa njarwakaké wangsiting
Kitab Suci nganggo kapinterané dhéwé.
21 Awit ora ana pamedhar wangsité nabi
sing asalé saka kareping manungsa;
nanging merga saka pamberegé Sang
Roh Suci, wong-wong kuwi banjur padha
medhar wangsit atas Asmané Gusti
Allah.

2 1 Kaya déné dhèk biyèn nabi-nabi
palsu padha jumedhul ana ing
antarané umaté Gusti Allah, mengkono
uga mbésuk bakal ana guru-guru palsu
padha jumedhul ing antaramu. Wong-
wong mau bakal padha nylundupaké
piwulang-piwulang penasaran sing gawé
rusak. Wong-wong kuwi bakal nyélaki
Gusti sing wis nebus dhèwèké, lan srana
mengkono nekakaké karusakan sing ora
kenyana-nyana marang awaké dhéwé.
2 Éwasemono akèh wong sing bakal
kèlu marang pamursalé guru-guru
mau. Malah merga saka penggawéné
wong-wong kuwi Dalaning Kayektèn
bakal dicecamah.
3 Merga saka srakahé guru-guru
palsu mau bakal padha ngudi golèk
kauntungan saka kowé srana crita-crita
sing diothak-athik dhéwé. Wong-wong

mau pancèn wis suwé enggoné arep
diadili. Panjenengané kang bakal
nyirnakaké wong-wong mau wis
samekta.[a]

4 Gusti Allah ora ngéman karo
malaékat-malaékat sing padha gawé
dosa, lan padha kacemplungaké ing
nraka. Ing kono malaékat-malaékat
mau padha diranté ing panggonan sing
peteng, nunggu nganti tekané Dinaning
Pengadilan.

5 Gusti Allah ora nguwalaké jagad ing
jaman kuna saka paukuman, nanging
nekakaké banjir gedhé kanggo numpes
wong-wong duraka. Sing dislametaké
mung Nabi Nuh, sing martakaké
pangandikané Gusti Allah, lan wong pitu
liyané.

6 Mengkono uga Gusti Allah nyirnakaké
kutha Sodom lan Gomora srana geni,
minangka pepéling marang wong sing
arep nindakaké pamblasar.

7 Nanging Gusti Allah nylametaké
Lot, wong mursid, sing pegel atiné
ngrasakaké kelakuané wong-wong sing
padha ora preduli marang dhawuhé
Gusti Allah.

---

[a]samekta: siap (bhs. Ind.).

8 Wong mursid mau urip ing satengahé
lan sedina-dina ndeleng lan krungu
pretingkahé wong-wong sing padha
mblasar, satemah atiné sing mursid
presasat kasiksa.
9 Kaya mengkono Pangéran pirsa
carané ngentasaké wong mursid saka
ing panyoba sarta carané nyadhangaké
wong duraka marang paukuman ing
Dina Pengadilan,
10 luwih menèh wong sing padha nuruti
hawa-nepsuning dagingé sing jember,
lan ngrèmèhaké marang pangrèhing
Gusti Allah. Guru-guru palsu kuwi
padha sembrana lan angkuh. Padha
ngrèmèhaké, malah nyenyamah marang
titah-titah mulya sing ana ing swarga.
11 Mangka para malaékat dhéwé
senajan kasektèn lan pangwasané luwih
gedhé ketimbang karo para guru-guru
palsu mau, ora nggugat titah-titah mau
nganggo tembung panyenyamah ana ing
ngarsané Pangéran.
12 Nanging wong-wong iki padha
tumindak klawan hawa-nepsuning
daging kaya kéwan galak sing uripé
mung supaya dijiret lan dipatèni.
Wong-wong kuwi padha nyenyamah

marang kang ora padha disumurupi,
mulané bakal padha disirnakaké kaya
kéwan-kéwan galak mau.
13 Yakuwi bakal kasiksa merga enggoné
wis nyiksa marang liyan. Wong-wong
mau senengané yèn awan padha
nglakoni apa waé kanggo ngumbar
hawa-nepsuné. Rak ngisin-isinaké
banget saupama wong-wong mau padha
bebarengan mangan karo kowé, mangka
padha ora kendhat nuruti hawa-nepsuné
kang sarwa jember.
14 Padha ora bosen-bosen gawé dosa
lan senengané mandeng wong wadon
merga rasa kepéncut. Lan wong sing
ringkih imané padha dibujuk. Wataké
wis kulina srakah. Pancèn dhasar wong
sing kena ing ipat-ipat!
15 Sarèhné wis padha ninggal dalaning
kabeneran, mulané padha kesasar.
Padha nganut dalané Biléam anaké
Béor, sing seneng nampa opah tumrap
penggawé-penggawéné sing ala.
16 Nanging Biléam banget enggoné
kawelèhaké merga tumindaké sing ala
mau, yakuwi nalika kuldi sing ora bisa
guneman banjur celathu kaya manungsa

lan nyegah penggawéné nabi sing ora
waras mau.
17 Guru-guru palsu mau kaya sumber-
sumber sing asat, lan kaya méga sing
kabur katut ing prahara. Gusti Allah wis
nyedhiakaké panggonan sing peteng
dhedhet lelimengan, sing nggegirisi
banget kanggo wong-wong mau.
18 Awit wong-wong mau padha
ngucapaké tetembungan sing kumenthus
tanpa isi, sarta mbebujuk wong sing
lagi waé luwar saka ing kalanganė
wong-wong sing uripé kesasar, nganggo
tembung sing nenangi hawa-nepsuning
daging.
19 Guru-guru palsu mau padha janji
ngluwari wong-wong, mangka dhèwèké
dhéwé padha dadi baturé pakulinan
sing ngrusak manungsa, awit wong sing
ditelukaké déning apa waé, kuwi dadi
baturé sing nelukaké mau.
20 Yèn wong wis wanuh karo Gusti
lan Juru Slamet kita Yésus Kristus lan
srana mengkono luwar saka jejembering
donya, mangka banjur tiba menèh ana
ing jejember mau, kuwi wekasané alané
ngluwihi sadurungé.

21 Luwih becik saupama wong mau ora
ngerti pisan marang dalaning kayektèn,
ketimbang karo ngerti nanging ora
ngèstokaké dhawuh-dhawuh sing
kaparingaké déning Gusti Allah.
22 Kaananané wong-wong kuwi nocogi
uniné paribasan sing mengkéné: "Asu
mbalèni utah-utahané, sarta babi
kang wis diedusi bali menèh menyang
combéran."

3 1 Para sedulur kang dakkasihi. Iki
layangku sing kapindho marang
kowé. Ana ing layang loro-loroné aku
ngudi nangèkaké gagasan-gagasan sing
murni sajroning atimu.
2 Srana ngélingaké kowé marang
pangandika sing biyèn wis kadhawuhaké
déning para nabiné Allah, lan marang
dhawuhé Gusti lan Juru Slamet lumantar
para rasul marang kowé.
3 Sing luwih dhisik kudu koksumurupi
yakuwi mbésuk ing dina-dina wekasan,
bakal ana wong-wong sing moyoki kowé;
wong-wong kuwi uripé padha nuruti
hawa-nepsuning daging.
4 Pangucapé: "Jaré Gusti Yésus janji
arep rawuh menèh? Lha endi? Wiwit
nalika sédané para leluhur kita, tekan

sepréné samubarang kabèh ajeg waé
kaya nalika donya katitahaké!"
5 Wong-wong kuwi njarag ora gelem
ngakoni yèn wiwit biyèn mula wis ana
langit lan bumi, sing katitahaké déning
sabdaning Allah. Bumi kuwi dadiné saka
banyu lan srana banyu;
6 lan merga déning banyu uga, bumi
sing biyèn kuwi disirnakaké, yakuwi
déning banjir gedhé.
7 Nanging déning sabdaning Allah
uga langit lan bumi sing saiki iki, sing
mbésuk bakal kasirnakaké klawan geni,
kareksa nganti tekan dinané para wong
duraka diadili lan ditumpes.
8 Mung waé para kekasih, kowé
aja kelalèn prekara siki iki, yakuwi
ing ngarsané Gusti sedina kuwi ora
ana bédané karo sèwu taun. Kagem
Panjenengané loro-loroné padha waé.
9 Gusti ora mblénjani janji sing
diparingaké, kaya penganggepé
sawenèhing wong. Satemené
Panjenengané nyabari kowé, awit
kersané aja nganti ana wong sing nemu
karusakan, malah kabèh wong padha
balia lan mratobata saka dosa-dosané.

10 Nanging Dina rawuhé Gusti Yésus
kang kapindho kuwi tekané kaya
maling. Ing Dina mau langit bakal sirna
klawan swara gumuruh nggegirisi lan
pérang-pérangané jagad bakal kobong,
semono uga bumi dalah saisiné kabèh
bakal sirna.
11 Sarèhné samubarang kabèh mau
bakal kasirnakaké kaya mengkono,
mulané saiba enggonmu kudu ngudi
supaya uripmu suci lan mursid.
12 Sajroné kowé padha nganti-anti
lan nguwatiraké tekané Dinané Gusti
Allah ngadili manungsa. Ing Dina kuwi
langit bakal sirna merga déning geni
lan pérang-pérangné jagad bakal lebur
merga déning panasé geni mau.
13 Nanging kita padha ngarep-arep
marang langit anyar lan bumi anyar,
sing kadunungan kayektèn, kaya sing
dijanjèkaké déning Gusti Allah.
14 Mulané para kekasih, sajroné kowé
padha nganti-anti marang Dina kuwi
mau kabèh, padha ngudia sakatogmu
supaya kowé aja padha gawé dosa,
malah padha tinemua tanpa cacad ana
ing ngarsané Gusti Allah. Padha rukuna
karo Panjenengané.

15 Kesabarané Gusti kuwi anggepen
kalonggaran sing kaparingaké marang
kowé, supaya kowé olèh keslametan.
Rak iya kaya mengkono surasané
layangé sedulur kita kang kinasih,
Paulus, sing nulis manut kawicaksanan
sing kaparingaké déning Allah.
16 Kabèh layang-layangé Paulus
ngemot bab prekara kuwi. Pancèn ana
prekara sawetara ing layang-layangé
sing angèl dipahami, temah njalari
sawenèhing wong, sing ora ngerti lan
ringkih precayané padha salah enggoné
napsiraké, ora béda karo enggoné kliru
napsiraké pérangan-pérangané Kitab
Suci liyané. Penggawéné wong-wong
mau njalari karusakané dhéwé.
17 Nanging kowé kabèh, para sedulur
kang kinasih, wis padha sumurup bab
prekara kuwi. Mulané padha diawas,
supaya aja padha kèlu ing panasarané
wong-wong sing padha ora ngerti
karo piwulang sing bener, temahan
keslametan sing kokgondhèli kuwi
mrucut saka ing tanganmu.
18 Padha saya mantepa enggonmu
suméndhé ing sih-rahmaté Gusti, Juru
Slamet kita Yésus Kristus, lan mundhaka

kawruhmu bab Panjenengané. Sarta kaluhurna Asmané wiwit samengko nganti ing selawas-lawasé. Saka aku, Pétrus

1 Yohanes

1 [1] Isiné layang iki magepokan karo
Sang Sabda sing dadi sumbering
urip, sing wis ana wiwit-wiwitan mula.
Aku wis padha krungu lan wis padha
nyipati dhéwé. Wis padha maspadakaké
lan wis ndemèk dhéwé.
[2] Nalika Sang Sabda mau rawuh ing
donya wujud manungsa, aku padha
ndeleng Panjenengané. Mulané aku
padha awèh paseksi bab Panjenengané
lan martakaké bab urip sejati kang
ana ing Sang Rama, sing uga wis
kawedharaké marang aku kabèh.
[3] Apa sing wis padha dakdeleng lan
dakrungu, dakwartakaké marang kowé
kabèh, supaya kowé lan aku bisa
bebarengan tetunggilan karo Sang
Rama, lan Sang Putra Yésus Kristus.
[4] Kabèh mau daktulis ana ing
kéné supaya kabungahan kita dadia
sampurna.
[5] Déné pawarta sing wis dakrungu saka
Sang Putra, lan sing wis dakwartakaké
marang kowé kuwi mengkéné: Gusti

Allah kuwi pepadhang lan ora ana
pepetengé babar-pisan.
6 Mulané yèn kita ngaku tetunggilan
karo Panjenengané, mangka kita
nglakoni dosa, kuwi kita padha goroh lan
urip ana ing sajroning pepeteng.
7 Nanging yèn kita ana ing pepadhang,
kaya déné Panjenengané iya ana ing
pepadhang, dadi enggon kita padha
tetunggilan kuwi nyata, lan rahé Gusti
Yésus, Sang Putra, nglebur sakèhing
dosa kita.
8 Yèn kita muni ora duwé dosa, kita
padha ngapusi awak kita dhéwé lan
nyatané ora mengkono; ateges Gusti
Allah ora dedalem ing ati kita.
9 Nanging menawa kita padha ngakoni
dosa-dosa kita marang Gusti Allah,
Panjenengané bakal netepi janjiné lan
tumindak adil, temah bakal ngapura
sakèhing dosa kita, sarta ngresiki
sakèhing piala kita.
10 Nanging yèn kita ngaku ora
nglakoni dosa, dadi kita nganggep
Panjenengané dora, lan ora precaya
marang pangandikané.

2 1 Anak-anakku! Enggonku kirim
layang marang kowé iki, supaya

kowé aja padha gawé dosa. Éwadéné
menawa ana sing gawé dosa, kita padha
duwé Pantara ana ing ngarsané Sang
Rama, yakuwi Gusti Yésus Kristus kang
adil, Panjenengané sing mbéla prekara
kita ana ing ngarsané Sang Rama.
2 Gusti Yésus Kristus piyambak dadi
sranané kita padha olèh pangapuraning
dosa, lan ora ngemungaké dosa kita
waé, nanging dosané manungsa kabèh.
3 Titikané yèn kita padha wanuh marang
Gusti Allah yakuwi menawa kita padha
nglakoni pepakon sing didhawuhaké.
4 Sing sapa muni: "Aku wanuh karo
Gusti Allah," mangka ora netepi
dhawuhé, kuwi wong goroh lan ora
bener.
5 Nanging sing sapa netepi dhawuh
pangandikané, ateges nresnani Gusti
Allah kanthi sampurna. Yakuwi tandhané
yèn kita padha tetunggilan karo Gusti
Allah.
6 Sing sapa ngaku uripé nunggil karo
Gusti Allah, uripé iya kudu kaya Sang
Kristus.
7 Para sedulur kang daktresnani! Sing
daktulis iki dudu pepakon anyar. Iki
pepakon lawas, sing wis diparingaké

marang kowé wiwit-wiwitan mula;
yakuwi pawarta sing wis kokrungu saka
Gusti Allah.
8 Éwasemono pepakon sing daktulis
iki uga pepakon anyar. Pepakon iki wis
kebabar ana ing Gusti Yésus Kristus lan
ana ing kowé, merga pepeteng lagi sirna
lan pepadhang sing sejati wis sumunar.
9 Sing sapa kandha manggon ana ing
pepadhang, nanging sengit marang
seduluré, kuwi manggon ana ing
pepeteng tekan sepréné.
10 Sing sapa tresna marang seduluré,
lestari ana ing pepadhang, temah uripé
ora dadi sandhungan tumrap wong liya.
11 Nanging sing sapa sengit karo
seduluré, wong mau manggon ana ing
pepeteng lan lakuné ana ing pepeteng.
Wong kuwi ora ngerti menyang endi
parané, awit pepeteng mau marakaké
mripaté ora weruh dalan.
12 Hé Anak-anakku! Enggonku nulis
layang iki awit dosa-dosamu wis diapura
merga saka Sang Kristus.
13 Hé, para Bapak, enggonku nulis
layang iki marang kowé awit kowé wis
padha wanuh marang Sang Sabda,
sing wiwit-wiwitan mula wis ana. Hé

para Nonoman, enggonku nulis layang iki marang kowé merga kowé rosa. Sabdaning Allah dumunung ana ing kowé, lan kowé wis padha ngalahaké Iblis.
14 Hé Bocah-bocah, enggonku nulis
layang marang kowé, merga kowé wis
padha wanuh karo Sang Rama. Hé para
Bapak, enggonku nulis layang marang
kowé, merga kowé wis padha wanuh
karo pangandikané Gusti Allah sing
wiwit biyèn mula wis ana. Hé para wong
Enom, enggonku nulis layang marang
kowé, merga kowé padha prakosa, sarta
pangandikané Gusti Allah dumunung ana
ing kowé, lan kowé wis padha ngalahaké
Iblis.
15 Kowé aja tresna karo donya lan karo
samubarang sing ana ing kono. Awit yèn
tresna karo donya, kowé ora tresna karo
Sang Rama.
16 Sebab samubarang sing ana
ing donya iki, sing dipéngini wong
dosa, yakuwi pepénginaning daging
lan pepénginaning mripat. Apa sing
diegung-egungaké kuwi pinangkané
ora saka Sang Rama, nanging saka ing
donya.

17 Mangka donya dalah saisiné kabèh
sing disenengi déning manungsa iki
nedhengé ngalami karusakan, nanging
sapa sing nglakoni kersané Gusti Allah
bakal urip ing selawas-lawasé.
18 Hé anak-anakku, pungkasaning
jaman iki wis cepak. Lan nocogi karo apa
sing wis kokrungu, yèn Anti-Kristus bakal
teka, lan saiki wis akèh Anti-Kristus sing
padha jumedhul. Kuwi pretandhané yèn
pungkasané jaman wis cepak temenan.
19 Para Anti-Kristus mau padha ana ing
satengah kita, nanging satemené pancèn
dudu panunggalan kita, sebab saupama
wong-wong kuwi panunggalan kita
temenan, mesthi padha tetep enggoné
nunggal karo kita. Nanging wong-wong
kuwi padha ninggal kita, supaya tetéla
yèn satemené siji waé ora ana sing dadi
panunggalan kita.
20 Balik kowé kabèh wis katedhakan
Roh Suci, peparingé Sang Kristus. Kuwi
sebabé kowé kabèh padha ngerti karo
kersané Gusti Allah.
21 Enggonku nulis layang iki marang
kowé ora merga kowé ora nglakoni
kersané Gusti Allah, nanging malah
merga kowé padha nglakoni kersané

Gusti Allah, lan uga merga kowé ngerti
yèn samubarang kang goroh kuwi asalé
ora saka Gusti Allah.
22 Yèn mengkono sing tukang goroh,
yakuwi wong sing kandha yèn Gusti
Yésus kuwi dudu Sang Kristus sing
dijanjèkaké déning Gusti Allah. Wong
kuwi sing diarani Anti-Kristus, sing ora
ngakoni marang Sang Rama lan Sang
Putra.
23 Wong sing nyélaki marang Sang
Putra ateges ora ngakoni marang Sang
Rama, lan sing sapa ngakoni marang
Sang Putra, iya ngakoni marang Sang
Rama.
24 Mulané pawarta sing wis kokrungu
wiwit-wiwitan mula kuwi ugemana
temenan. Yèn pawarta mau kokugemi,
kowé bakal lestari urip tetunggilan karo
Sang Putra lan Sang Rama.
25 Lan urip langgeng sing dijanjèkaké
déning Sang Kristus piyambak bakal
kaparingaké marang kita.
26 Sing daktulis iki bab wong-wong sing
lagi ngudi nasaraké kowé.
27 Nanging tumraping kowé, Sang
Kristus wis ngesokaké Rohé marang
kowé kabèh. Lan samangsa Rohé Kristus

ana ing kowé, kowé ora prelu diwulang déning sapa waé. Awit Roh mau mulang marang kowé bab samubarang kabèh. Lan piwulangé kuwi nyata, ora goroh, mulané padha èstokna, lan padha lestaria tetunggilan karo Sang Kristus.
28 Hé anak-anakku! Padha tetepa ana ing Sang Kristus, supaya samangsa Dina Panjenengané rawuh, kita wani sowan marang ngarsané klawan tatag lan ora susah isin.
29 Kowé padha ngerti yèn Sang Kristus kuwi sugengé mbangun-turut marang kersané Gusti Allah, mulané iya padha sumurupa yèn saben wong sing nglakoni kersané Gusti Allah kuwi kasebut putrané Allah.

3 1 Rasakna! Semono gedhéné sihé Gusti Allah marang kita, nganti kita padha disebut para putrané Allah; lan kita iki pancèn padha dadi para putrané Allah. Mulané jagad sing ala iki ora wanuh marang kita, merga jagad ora wanuh marang Panjenengané.
2 Sedulur-sedulurku sing daktresnani! Saiki kita padha dadi putraning Allah, nanging durung cetha kepriyé bakal kaanan kita ing tembé. Éwasemono kita

padha ngerti yèn samangsa Sang Kristus
ngetingal, kita bakal dadi padha karo
Panjenengané, awit kita bakal padha
ndeleng kaananing Panjenengané ing
sanyatané.
3 Sok wonga sing duwé pengarep-arep
mengkono ing ngatasé Sang Kristus,
padha nucèkna awaké dhéwé, supaya
padha resika saka ing dosa, kaya déné
kaanané Sang Kristus sing suci.
4 Wong sing gawé dosa kuwi nerak
dhawuhing Allah, awit sing diarani dosa
kuwi nerak dhawuhing Allah.
5 Kowé padha ngerti yèn rawuhé Sang
Kristus kuwi prelu mbirat dosa-dosaning
manungsa, lan Panjenengané piyambak
ora tau nglampahi dosa.
6 Mulané sok wonga sing tetunggilan
karo Sang Kristus kuwi ora gawé dosa
menèh. Lan sok wonga sing tansah gawé
dosa, kuwi durung weruh lan durung
wanuh karo Panjenengané.
7 Anak-anakku! Kowé aja nganti kena
disasarakė déning sapa waé. Sing sapa
nindakaké kersané Gusti Allah kuwi dadi
Putraning Allah, kaya Sang Kristus sing
jumeneng Putraning Allah.

8 Sing sapa tetep nglakoni dosa kuwi
lairé saka Iblis, awit Iblis kuwi enggoné
gawé dosa wiwit-wiwitan mula. Déné
rawuhé Putraning Allah ana ing jagad
iki preluné nyirnakaké penggawéné Iblis
mau.
9 Saben wong sing dadi putrané Allah
ora tansah nglakoni dosa, awit wong
mau kadunungan sipaté Allah piyambak,
lan merga Allah kuwi Ramané, wong
mau ora tetep nglakoni dosa.
10 Bédané putrané Allah lan anaké Iblis
kuwi mengkéné: Sing sapa ora nglakoni
kersané Allah, utawa ora nresnani
seduluré, kuwi dudu putrané Allah.
11 Pawarta sing padha kokrungu
wiwit-wiwitan mula, yakuwi: Supaya kita
padha tresna-tinresnan.
12 Aja kaya Kain, sing dadi anaké Iblis,
temah matèni Habél seduluré dhéwé.
Apa sebabé Kain matèni seduluré?
Merga sekabèhé penggawéné ala, lan
penggawéné adhiné becik.
13 Hé para sedulur! Aja padha
gumun menawa kowé disengiti déning
wong-wong ing donya.
14 Kita padha ngerti yèn kita wis
ora mati menèh, nanging padha urip.

Enggon kita ngerti yèn mengkono, awit kita padha tresna marang para sedulur kita. Sing sapa ora nresnani seduluré, kuwi isih diwengku déning pati.
15 Sing sapa sengit karo seduluré, kuwi tukang matèni wong. Lan kowé padha ngerti, yèn tukang matèni wong ora kadunungan urip langgeng.
16 Enggon kita sumurup yèn Sang Kristus tresna marang kita, yakuwi merga Sang Kristus wis ngetohaké nyawané kanggo kita; mulané kita padha kuwajiban masrahaké nyawa kita kanggo sedulur-sedulur kita!
17 Wong sing duwé bandha kadonyan, mangka weruh seduluré kekurangan, éwasemono ora gelem awèh pitulungan, kepriyé bisané wong mau muni yèn dhèwèké tresna marang Gusti Allah?
18 Hé anak-anakku! Enggon kita tresna kuwi aja mung ana ing lambé utawa ana ing tembung waé, nanging padha nresnanana klawan tulusing ati kinanthènan ing penggawé.
19 Merga kang mengkono mau kita padha sumurup yèn kita iki asalé saka Gusti Allah. Mulané kita bisa ngadhep

ing ngarsané Gusti Allah klawan ati kang
tentrem.
20 Yèn kita diwelèhaké déning ati kita,
Gusti Allah rak ngluwihi ati kita lan
nguningani[a] samubarang kabèh.
21 Sedulur-sedulur sing daktresnani!
Yèn kita ora nganti diwelèhaké déning
ati kita, dadi kita padha bisa sowan ing
ngarsané Gusti Allah klawan ati sing
tatag.
22 Lan apa waé sing kita suwun, mesthi
diparingaké, merga kita netepi sakèhing
dhawuhé, sarta nglakoni apa sing
ndadèkaké keparengé.
23 Ana déné dhawuhé yakuwi supaya
kita padha precaya marang Gusti Yésus
Kristus, Putrané, sarta padha tresna-
tinresnana kaya sing kadhawuhaké
déning Gusti Yésus Kristus marang kita.
24 Wong sing netepi dhawuhé Gusti
Allah kuwi tetunggilan karo Gusti Allah,
lan Gusti Allah nunggil karo wong mau.
Enggon kita padha ngerti yèn Gusti Allah
nunggil karo kita kuwi merga Rohé Allah
kang kaparingaké marang kita kuwi sing
ngyakinaké kita.

---

[a]nguningani: pirsa.

4 1 Para sedulur sing daktresnani! Aja
padha ngandel karo angger wong
sing ngaku kadunungan Rohé Allah,
nanging padha titènana dhisik apa roh
sing ana ing wong kuwi asalé saka Allah
apa ora. Merga akèh nabi-nabi sing
jumedhul lan ndlajahi jagad kabèh.
2 Caranė nitik apa roh mau Rohé Allah
apa dudu, kuwi mengkéné: Sadhéngah
wong sing ngakoni menawa Yésus
Kristus wis rawuh ing donya awujud
manungsa, wong kuwi kadunungan Rohé
Allah.
3 Nanging sing sapa ora ngakoni Gusti
Yésus sing mengkono mau, wong kuwi
ora kadunungan Rohé Allah. Wong mau
kadunungan rohé Anti-Kristus. Bab roh
kuwi kowé wis padha krungu wartané
yèn bakal teka, lan saiki wis teka ana ing
jagad.
4 Nanging hé anak-anakku, kowé
padha para putrané Gusti Allah. Kowé
wis padha ngalahaké para nabi palsu,
awit Roh sing dumunung ana ing kowé
ngungkuli roh sing dumunung ana ing
wong-wong sing asalé saka ing jagad iki.
5 Nabi-nabi palsu asalé saka ing
jagad iki lan sing dirembug prekara-

prekara kadonyan; déné wong-wong
padha ngrungokaké tembungé, merga
wong-wong mau asalé uga saka jagad
iki.
6 Nanging kita iki para putrané Allah;
wong sing wanuh marang Gusti Allah
ngrungokaké tembung kita. Wong
sing asalé ora saka ing Allah, ora
ngrungokaké gunem kita. Iya mengkono
kuwi titikané Rohé Allah lan roh sing
palsu.
7 Para sedulur sing daktresnani! Ayo
kita padha tresna-tinresnan, merga
katresnan kuwi asalé saka Gusti Allah.
Sok wonga sing nindakaké katresnan
kuwi putrané Allah lan wanuh marang
Gusti Allah.
8 Balik wong sing ora nindakaké
katresnan kuwi ora wanuh karo Gusti
Allah, sebab Gusti Allah kuwi asipat
tresna.
9 Gusti Allah nglairaké katresnané
marang kita srana ngutus Kang Putra
ontang-anting marang jagad, supaya
kita padha bisa nampa urip langgeng
merga déning Panjenengané.
10 Katresnan kuwi mengkéné: Ora
merga kita sing nresnani Gusti Allah,

nanging merga Panjenenganè wis
nresnani kita sarta ngutus Kang
Putra dadi merganè kita padha olèh
pangapuraning dosa-dosa kita.
11 Hé para sedulur sing daktresnani!
Sarèhné nganti semono enggoné Gusti
Allah nresnani marang kita, dadi kita iya
padha kuwajiban tresna-tinresnan.
12 Ora tau ana wong sing bisa ndeleng
marang Gusti Allah, nanging Gusti Allah
nunggil karo kita lan katresnané dadi
sampurna ana ing kita, menawa kita
padha tresna-tinresnan.
13 Merga Gusti Allah wis maringaké
Rohé marang kita, dadi kita ngerti yèn
Gusti Allah nunggil karo kita.
14 Aku dhéwé wis ndeleng Putrané
Allah lan saiki aku nyritakaké marang
wong-wong liya, yèn Sang Rama wis
ngutus Kang Putra dadi Juru Slameté
jagad.
15 Sing sapa ngakoni yèn Yésus Kristus
kuwi Putrané Allah, Gusti Allah nunggil
karo wong mau, lan wong mau nunggil
karo Gusti Allah.
16 Kita dhéwé padha ngerti lan precaya
yèn Gusti Allah nresnani kita. Gusti Allah
kuwi asipat tresna. Wong sing nindakaké

katresnan, uripé tetunggilan karo Gusti
Allah, lan Gusti Allah nunggil karo wong
mau.
17 Yèn katresnané Gusti Allah wis kita
rasakaké klawan sampurna, kita bakal
ora wedi marek ana ing ngarsané ing
Dina Pengadilan. Lan kita ora wedi,
awit urip kita padha kaya Sang Kristus,
senajan kita isih urip ana ing jagad.
18 Wong sing tresna karo Gusti Allah
kuwi ora wedi, merga katresnan sing
sampurna mau ngilangaké rasa wedi.
Wong sing wedi kuwi durung ngrasakaké
katresnané Gusti Allah klawan sampurna,
dadi isih kaancam ing paukuman.
19 Kita tresna marang Gusti Allah,
merga Gusti Allah wis nresnani kita luwih
dhisik.
20 Menawa ana wong muni: "Aku tresna
marang Allah," mangka sengit karo
seduluré, kuwi goroh. Awit wong sing ora
tresna karo seduluré sing kasat mripat,
kepriyé enggoné bisa tresna karo Gusti
Allah sing ora katon?
21 Mulané dhawuhé Sang Kristus
marang kita mengkéné: Sapa sing
tresna marang Gusti Allah kuwi iya kudu
tresna marang seduluré.

5 1 Sok wonga sing precaya yèn Gusti
Yésus kuwi Juru Slamet kaya janjiné
Gusti Allah, wong mau dadi putrané
Allah, lan sok wonga sing tresna marang
Sang Rama kuwi uga tresna marang
Putrané Sang Rama.
2 Titikané yèn kita tresna marang para
putrané Allah, yakuwi menawa kita
tresna marang Gusti Allah lan nglakoni
pepakoné kabèh.
3 Awit tresna marang Allah kuwi tegesé
netepi dhawuh-dhawuhé kabèh. Mangka
dhawuh-dhawuhé mau tumraping kita
ora abot,
4 merga saben wong sing dadi putraning
Allah kuwagang nelukaké donya. Enggon
kita nelukaké donya mau merga precaya
kita marang Gusti Yésus.
5 Sapa ta sing bisa ngalahaké pialaning
jagad, kejaba wong sing precaya, yèn
Yésus Kristus kuwi Putraning Allah?
6 Gusti Yésus Kristus rawuhé ing
jagad mbaptis ngagem banyu lan rahé
sarirané sing disédani. Ora mung banyu
waé, nanging banyu lan rah. Rohé
Allah piyambak neksèni yèn pancèn
mengkono, awit Roh kuwi ora tau goroh.
7 Dadi ana paseksi telu:

8 Rohé Allah, banyu lan getih,
telu-teluné paseksiné padha.
9 Kita padha ngandel karo paseksiné
manungsa, mangka paseksiné Gusti
Allah luwih kuwat. Lan iya pancèn
mengkono paseksiné Gusti Allah bab
Putrané.
10 Mulané wong sing precaya marang
Putraning Allah, wis kaparingan paseksi
mau ana ing batiné. Wong sing ora
precaya marang Gusti Allah, kuwi
nganggep yèn Panjenengané dora,
awit ora ngandel karo paseksi sing wis
kalairaké déning Gusti Allah ing ngatasé
Sang Putra.
11 Paseksiné Gusti Allah mau mengkéné:
Allah wis maringi kita urip sejati sing
sipaté langgeng, lan urip langgeng kuwi
etuké ana ing Sang Putra.
12 Sapa sing nduwèni Sang Putra, kuwi
nduwèni urip sing sejati, yakuwi urip
langgeng; lan wong sing ora nduwèni
Sang Putra, iya ora nduwèni urip
langgeng mau.
13 Enggonku nulis prekara iki mau
kabèh marang kowé, supaya kowé sing
padha precaya marang Putraning Allah,

padha ngertia, yèn kowé kabèh kuwi
padha nduwèni urip langgeng.
14 Lan kita klawan kendel wani sowan
ana ing ngarsané Gusti Allah, merga
Panjenenganè nyembadani apa waé
sing kita suwun, sing nyondhongi ing
kersané.
15 Sarèhné kita ngerti yèn Panjenenganè
nyembadani marang panyuwun kita bab
apa waé, dadi kita uga ngerti yèn apa
sing kita suwun mau wis diparingaké.
16 Yèn kowé weruh sedulurmu wong
precaya gawé dosa sing ora nekakaké
pati langgeng, ndedongaa marang
Gusti Allah, temah Panjenenganè
bakal maringi urip marang wong mau.
Kuwi tumraping wong sing dosané ora
nekakaké pati langgeng. Nanging iya
ana dosa sing nekakaké pati langgeng;
tumraping dosa kuwi aku ora akon
ndongakaké marang Gusti Allah.
17 Sakèhing piala kuwi dosa, nanging
ana dosa sing ora nekakaké pati.
18 Kita ngerti yèn wong sing wis dadi
para putraning Allah kuwi ora nglakoni
dosa, awit kaayoman déning Putraning
Allah, temah ora bisa kagepok déning
Iblis.

19 Kita ngerti yèn asal kita iki saka ing Allah. Senajan sajagad kabèh kawengku déning Iblis.

20 Nanging kita sumurup yèn Putraning Allah wis rawuh ing jagad. Panjenengané wis maringi pangerti marang kita, supaya kita wanuh marang Gusti Allah sing sejati. Urip kita iki tetunggilan karo Gusti Allah sing sejati mau ana ing Kang Putra Yésus Kristus, Panjenengané kuwi Allah sejati; iya Panjenengané kuwi urip sejati sing langgeng.

21 Hé, anak-anakku! Padha ngedohana sakèhing brahala.

2 Yohanes

1 [1] Layang saka aku, pinituwa, tumeka
marang Ibu kang pinilih déning
Gusti Allah lan marang anak-anaké
sing daktresnani banget. Ora mung aku
waé, malah sakèhé wong sing precaya
marang kabar kabungahan saka Gusti
Allah, padha nresnani kowé kabèh.
[2] Awit kabar mau tetep dumunung ana
ing ati kita lan bakal nunggal karo kita
ing selawasé.
[3] Berkah, sih-rahmat lan tentrem
rahayu saka Allah Sang Rama, lan Yésus
Kristus, Kang Putra kaparingna marang
kita, temah urip kita bisa mbabaraké
kayektèn lan katresnan.
[4] Aku bungah banget weruh anak-
anakmu ana sawetara sing uripé
ngambah dalan sing bener, condhong
karo dhawuhé Sang Rama marang kita.
[5] Mulané, hé Ibu kang daktresnani!
Banget penjalukku, supaya kita kabèh
padha tresna-tinresnan. Kang daktulis
iki dudu prekara anyar; merga pepakon

iki wis diparingaké marang kita
wiwit-wiwitan mula.
6 Nresnani kuwi tegesé urip manut
pepakon-pepakoné Gusti Allah. Lan
pepakon sing wis padha kokrungu ing
wiwit-wiwitan mula, yakuwi kowé kudu
padha tresna-tinresnan.
7 Awit akèh juru-panasaran sing padha
jumedhul lan ndlajahi jagad. Wong-wong
mau padha ora ngakoni yèn Gusti Yésus
wis rawuh ing jagad ngagem sarira
manungsa. Wong-wong sing mengkono
kuwi tukang ngapusi, kuwi Anti-Kristus.
8 Mulané padha diawas, aja nganti
kélangan kaprecayan sing wis
dakdhedher ana ing kowé, malah ngudia
geneping enggonmu nampani opahé
precayamu.
9 Sing sapa ora ngantepi piwulangé
Sang Kristus, malah nyimpang saka
piwulang mau, wong kuwi ora nunggil
karo Gusti Allah. Nanging sing sapa
ngantepi piwulang kuwi, wong mau
nduwèni Sang Rama lan Sang Putra
pisan.
10 Mulané yèn kowé padha katekanan
wong sing ora nggawa piwulangé

Sang Kristus, aja koktampani ana ing
omahmu, lan aja koksalami.
11 Awit sing sapa nyalami, ateges
mbiyantu penggawéné sing ala mau.
12 Sakjané akèh prekara sing prelu
dakkandhakaké marang kowé, nanging
luwih becik ora nganggo layang.
Pengarep-arepku bisaa ketemu dhéwé,
lan guneman adu arep, supaya ati kita
padha maremé.
13 Para sedulur kinasih ing pasamuwan
kéné padha kirim salam marang kowé.

3 Yohanes

1 [1] Layang saka aku, pinituwané
pasamuwan, tumekaa marang
Gayus, sing daktresnani klawan tulusing
ati.
[2] Pandongaku muga kowé ginanjara
slamet lan kaparingana bagas
kawarasan, ora béda karo beciking uripé
kasukmanmu.
[3] Aku bungah banget nalika ana sedulur
sawetara sing teka lan ngabaraké bab
enggonmu mituhu marang pangandikané
Gusti Allah, awit pancèn uripmu tansah
nyondhongi karo Injiling Allah mau.
[4] Lan ora ana kabungahan sing
ngungkuli gedhéning kabungahanku
menawa krungu yèn uripé anak-anakku
padha miturut Injiling Allah.
[5] Sedulurku kang kinasih! Kasetyanmu
marang Injil ketitik saka lelabuhanmu
marang para sedulur tunggal precaya;
malah sing durung tepung karo kowé
pisan iya kokladèni.
[6] Wong-wong mau wis padha nyritakaké
marang pasamuwan ing kéné bab

katresnanmu. Penggawému kuwi becik
banget, déné kowé wis nulung wong-
wong mau nganti padha bisa nerusaké
lakuné, srana patrap sing gawé renaning
penggalihé Gusti Allah.
7 Awit wong-wong mau padha nglakoni
ayahané Sang Kristus, lan nalika
lelungan padha ora nampani apa-apa
saka wong-wong sing ora precaya
marang Gusti Allah.
8 Mulané, kita wong-wong precaya
kuwajiban mbiyantu wong-wong sing
kaya mengkono mau, supaya srana
mengkono kita padha mèlu ngréwangi
wong-wong mau sajroné ngabaraké
Injiling Allah.
9 Aku wis nulis layang cekak marang
pasamuwan, nanging Diotrèfès, sing
kepéngin dadi pengareping pasamuwan,
ora maèlu tembungku.
10 Mulané mbésuk satekaku bakal
dakwelèhaké sing dadi penggawéné,
yakuwi bab enggoné ngala-ala marang
aku sakanca klawan dora-cara. Malah
ora mung kuwi waé. Nalika sedulur-
sedulur sing ngabaraké Injil kuwi teka,
ditulak déning Diotrèfès. Sapa sing
arep nampani sedulur-sedulur mau

padha ditampik, lan disébrataké saka
pasamuwan.
11 Gayus kang kinasih. Aja nulad lelakon
sing ala, nanging nulada marang sing
becik. Wong sing gawé becik kuwi asalé
saka Gusti Allah, nanging sapa sing gawé
piala kuwi ora wanuh karo Gusti Allah.
12 Wong kabèh padha awèh paseksi
becik tumrap Démétrius. Malah miturut
piwulangé Injil pisan dhèwèké kuwi
wong becik. Semono uga aku kabèh iya
padha awèh paseksi becik, lan kowé
weruh yèn paseksiku mau nyata.
13 Akèh prekara sing arep
dakkandhakaké marang kowé,
nanging luwih becik ora nganggo layang.
14 Pengarep-arepku aku bisaa énggal
niliki kowé, supaya bisa guneman adu
arep. (1-15) Kowé pinaringana tentrem
rahayu. Kanca-kancamu sing ana ing
kéné padha kirim salam. Lan salamku
terusna marang mitraku kabèh siji-siji.

Yudas

1 1 Layang saka Yudas, abdiné Gusti
Yésus Kristus, sarta seduluré
Yakobus, tumekaa marang para sedulur,
sing katimbalan lan dikasihi déning Allah
Sang Rama, tuwin rineksa déning Gusti
Yésus Kristus.
2 Gusti Allah muga nglubèrana berkah,
sih-rahmat lan tentrem-rahayu marang
kowé kabèh.
3 Para sedulur kang kinasih! Banget
enggonku kepéngin nulis layang marang
kowé bab keslametan sing wis padha
kita alami. Mulané saiki aku kedereng
nulis layang iki saprelu mituturi kowé,
supaya padha tetepa setya enggonmu
mbélani precayamu sing wis kaparingaké
déning Gusti Allah marang para umaté,
sepisan kanggo selawasé.
4 Merga ana sawetara wong dudu
Kristen nlusup ing satengahmu, yakuwi
wong sing wis padha kapesthi bakal
kaukum. Kuwi wong ora precaya sing
mulangaké sih-rahmaté Gusti Allah

kanggo pawadan[a] ngumbar hawa-nepsu,
sarta nyélaki marang Gusti Yésus
Kristus, Gusti kita, sing jumeneng
Pangwasa tunggal.
5 Kowé wis padha ngerti bab kuwi
mau kabèh. Éwasemono aku kepéngin
ngélingaké kowé bab enggoné Gusti
ngentasaké umat Israèl saka ing tanah
Mesir, lan sebanjuré numpes wong-wong
panunggalané sing padha ora precaya.
6 Mengkono uga bab enggoné
Gusti wis nahan para malaékat sing
ora padha netepi wates-watesing
wewenangé, nanging padha ninggal
papan padunungané. Para malaékat mau
selawasé padha diblenggu ana ing papan
sing peteng ndhedhet nganti tekané
pengadilan ing Dina sing nggegirisi.
7 Padha kaya Sodom lan Gomora, tuwin
kutha-kutha ing sakiwa-tengené sing
padha laku jina lan ngumbar hawa-nepsu
sing ora lumrah, kaya sing ditindakaké
déning para malaékat mau. Wong-wong
ing kutha kono padha kasiksa ing geni
langgeng, minangka pepéling tumrap
sakèhing manungsa.

---

[a]pawadan: alesan.

8 Mengkono uga wong-wong sing
padha nlusup ing satengahmu padha
ngimpi-impi nglakoni dosa sing njemberi
marang awaké dhéwé. Wong-wong kuwi
padha ngrèmèhaké pangwasané Allah
sarta nyenyamah para malaékat mulya
kang ana ing swarga.
9 Mikhaèl dhéwé, penggedhéné para
malaékat, ora tumindak mengkono.
Nalika padu karo Iblis bab sapa sing
wenang tumrap layoné Nabi Musa,
Mikhaèl ora wani ndakwa Iblis nganggo
tembung-tembung sing nyenyamah,
mung muni: "Kowé ketamana dukaning
Allah kang banget!"
10 Mangka wong-wong iki padha
nyenyamah marang kang ora
disumurupi. Wong-wong kuwi kaya
kéwan galak sing ora duwé budi, lan sing
mung katuntun déning naluri. Nanging
iya prekara-prekara sing disumurupi
kuwi sing njalari karusakané.
11 Cilaka banget wong-wong mau,
sebab padha nulad lakuné Kain. Merga
enggoné mburu opah, wong-wong kuwi
padha nindakaké keluputan sing dilakoni
déning Biléam. Wekasané wong-wong

kuwi bakal padha tumpes, merga saka
enggoné mbaléla kaya déné Korah.
12 Samangsa padha mèlu mangan ana
ing bujana-katresnanmu,[b] wong-wong
kuwi mung gawé camahing[c] bujana mau.
Awit wong-wong mau enggoné mangan
ora duwé isin, mung mikir wetengé
dhéwé. Wong-wong kuwi kaya méga
tanpa banyu, sing kabur déning angin
ora dadi udan. Kaya wit-witan sing ing
mangsané ngundhuh ora metokaké woh,
iya presasat wit-witan sing rungkad lan
wis mati babar-pisan.
13 Kaya ombak ing segara sing
ngetokaké umpluking kanisthané
dhéwé, yakuwi penggawéné rupa-rupa
sing ngisin-isini. Kaya lintang-lintang
sing nglembara,[d] sing wis kacawisan
papan déning Allah ana ing pepeteng
lelimengan langgeng selawasé.
14 Mungguh ing wong-wong mau,
Hénokh, putra turunan kapitu saka

---

[b] bujana-katresnan: nedha sesarengan kanggé nélakakaken katresnan lan pasedhèrèkan, manut tata-cara jaman semanten. Tembungipun Yunani: Agapé.

[c] camah: najis, cacad, reged.

[d] nglembara: nglambrang.

bapak Adam, wis meca mengkéné:
"Delengen, Gusti bakal rawuh
kadhèrèkaké déning para malaékat kang
suci, éwon cacahé.
15 Panjenengané nedya ngadili wong
kabèh, sarta matrapi paukuman
marang sakèhing wong duraka merga
saka pamblasaré, lan merga saka
sakèhing tembung nistha sing diucapaké
wong-wong mau marang Gusti Allah."
16 Wong-wong kuwi tansah padha
nggrundel lan sesambat. Uripé ngumbar
hawa-nepsuné sing nistha. Seneng
ngalem marang awaké dhéwé, sarta
ngonggrong wong liya supaya olèh opah.
17 Nanging para sedulur, padha élinga
marang pangandika sing dhèk biyèn wis
kawedharaké déning para rasulé Gusti
Yésus Kristus.
18 Kowé wis padha dingandikani:
"Mbésuk ngarepaké jaman wekasan
bakal muncul wong-wong sing
padha moyoki marang kowé; yakuwi
wong-wong sing uripé padha nuruti
hawa-nepsuné daging."
19 Wong-wong mau bakal gawé crah
ing pasamuwan lan mung nuruti

pepénginané dhéwé, merga wong-wong
kuwi padha ora kadunungan Roh Suci.
20 Nanging mungguh ing kowé para
sedulur, padha mbanguna awakmu
dhéwé adhedhasar imanmu sing
murni, lan padha ndedongaa nganggo
pangwasané Sang Roh Suci.
21 Sajroné nganti-anti marang sih-
rahmaté Yésus Kristus, Gusti kita, sing
maringi urip langgeng, tansah padha
lestaria ana ing sihé Gusti Allah.
22 Wong sing atiné isih mangu-mangu
padha welasana.
23 Wong-wong kuwi padha entasna saka
ing geni murih slameté. Welas-asihmu
tandukna marang wong-wong liyané
dikanthènana rasa wedi, nanging
padha sengita karo sandhangané
wong-wong sing dijemberaké déning
pepénginan-pepénginaning daging.
24 Gusti Allah sing kwasa rumeksaa
marang kowé, supaya aja nganti tumiba
ing dosa. Panjenengané iya kwasa
nuntun kowé nganti kowé tekan ing
ngarsané, klawan bungah lan tanpa
cacad.
25 Iya mung Gusti Allah piyambak kang
jumeneng Juru Slamet kita lantaran

Yésus Kristus, Gusti kita. Panjenengané kuwi Allah sing kagungan kamulyan, kasektèn lan pangwasa sadurungé jagad dumadi tekan sepréné nganti ing selawas-lawasé. Amin.

Wahyu

1 [1] Kitab iki isiné wahyu sing
diparingaké déning Gusti Yésus
Kristus, yakuwi prekara-prekara sing
bakal kelakon. Gusti Allah ndhawuhi
Sang Kristus supaya nedahaké marang
para abdiné Allah bab apa waé sing
pinesthi énggal kelakon mau. Sang
Kristus wis medharaké bab mau marang
Yohanes, abdiné, lumantar malaékat
utusané.
[2] Yohanes banjur nyritakaké kabèh
sing wis dideleng mau; cocog kaya
sing dingandikakaké déning Gusti Allah
marang Gusti Yésus Kristus.
[3] Begja wong-wong sing padha
macakaké lan sing padha ngrungokaké
sarta nglakoni surasané pangandika sing
katulis ana ing kitab iki, merga ora suwé
menèh kabèh mau bakal kelakon.
[4] Layang iki saka Rasul Yohanes,
tumekaa marang pasamuwan pitu ing
tanah Asia Cilik. Gusti Allah kang saiki
ana, lan kang biyèn wis ana, sarta kang
bakal rawuh maringana sih-rahmat

lan katentreman marang kowé kabèh.
Semono uga roh pitu sing padha
nyarengi pangwasané,
5 apa déné Gusti Yésus Kristus, Seksi
kang setya, kang wungu dhisik dhéwé
saka ing séda, lan sing ngwaosi sakèhing
pangwasa ing bumi iki. Gusti Yésus sing
ngasihi kita lan sing wis ngicali dosa kita
srana rahé,
6 Panjenengané wis ngangkat kita
dadi ratu-ratu lan imam-imam kagem
Gusti Allah, Ramané. Iya Gusti Yésus
Kristus kuwi sing kagungan kamulyan
lan pangwaos ing selawas-lawasé. Amin.
7 Delengen! Panjenengané rawuh
ana ing méganing langit lan saben
mripat bakal ndeleng Panjenengané;
semono uga wong sing wis padha
njojoh Panjenengané. Sakèhing bangsa
ing bumi bakal padha sambat-sambat
nangisi awaké dhéwé, merga saka
Panjenengané. Iya pancèn mengkono!
Amin!
8 "Aku iki Alfa lan Oméga" (Kang
Wiwitan lan Kang Pungkasan) mengkono
pangandikané Gusti Allah, sing saiki
ana, lan sing biyèn ana, sarta sing bakal
rawuh ngasta Pangwasa.

9 Aku iki Yohanes, sedulurmu lan kancamu ing sajroning kasusahan. Kita padha-padha dadi warganing Kratoné Allah, lan padha-padha ngugemi asmané Yésus klawan tumemen. Aku dibuwang ana ing pulo Patmos merga saka enggonku ngabaraké Injil, sing diwulangaké déning Gusti Yésus.
10 Mbeneri ing dina Minggu aku dikwaosi déning Roh Suci, nuli aku krungu swara seru ana ing mburiku kaya uniné kalasangka.[a]
11 Pangandikané: "Apa sing kokdeleng kuwi tulisen ana ing Kitab Suci lan kirimna marang pasamuwan pitu. Yakuwi: Pasamuwan-pasamuwan Éfesus, Smirna, Pèrgamus, Tiatira, Sardis, Filadèlfia, lan pasamuwan Laodikia."
12 Aku nuli nolèh, kepéngin weruh sapa sing ngendikani aku mau. Aku weruh pedamaran pitu, kagawé saka emas.
13 Ing tengah-tengahé lampu pitu mau ana wong ngadeg mèmper Putraning Manungsa, ngagem jubah, sing dawané nganti klangsrah tekan sampéyané. Jajané ngagem sabuk emas.

---

[a]kalasangka: slomprèt.

14 Sirah lan rémané putih kaya wulu
wedhus gèmbèl, memplak kaya kapas,
lan mripaté kaya urubing geni.
15 Sampéyané kaya tembaga
mengangah ing prapèn. Swarané
kaya gumrojoging banyu.
16 Astané tengen ngasta lintang pitu,
saka tutuké metu pedhangé sing landhep
kiwa-tengen. Wedanané mencorong
kaya srengéngé ing wayah awan.
17 Nalika weruh Panjenengané mau
aku nuli krungkep presasat wong mati.
Nanging aku banjur ditumpangi astané
tengen lan dingandikani: "Aja wedi!
Aku iki sing ngasta pangwasané Kang
Wiwitan lan Kang Pungkasan.
18 Aku iki sumbering urip! Aku wis
mati, nanging delengen, Aku urip ing
selawasé. Aku sing ngwasani pati lan
ngwasani jagadé wong mati.
19 Mulané apa sing wis kokdeleng kuwi
tulisen, yakuwi prekara-prekara sing
kelakon saiki iki, lan sing mbésuk bakal
kelakon.
20 Mungguh tegesé lintang pitu sing
kokdeleng ana ing asta-Ku tengen lan
pedamaran emas pitu iki mengkéné:
Lintang pitu kuwi para malaékaté

pasamuwan pitu lan pedamaran emas
pitu kuwi pasamuwan pitu mau."

2 1 "Nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing kutha Éfesus
mengkéné: Iki pangandikané
Panjenengané kang ngasta lintang
pitu ing astané tengen lan kang tindak-
tindak ing antarané pedamaran emas
pitu mau.
2 Aku ngerti sakèhing penggawému:
Akèh pegawéan sing wis koktandangi
klawan tataging ati. Aku ngerti
enggonmu ora nguja marang wong
sing ala lakuné, lan enggonmu wis
ndadar wong-wong sing ngaku-aku
rasul, mangka ing sanyatané dudu; dadi
cethané para wong tukang goroh.
3 Aku weruh enggonmu sabar sarta
enggonmu nandhang sangsara merga
saka Aku, éwasemono kowé padha ora
semplah.
4 Nanging ana saprekara sing ora
Daksenengi: Yakuwi enggonmu wis
ninggal katresnanmu sing kawitan.
5 Mulané padha ngrumangsanana
bangeté mundurmu! Padha mratobata,
ninggala dosa-dosamu, lan padha
nglakonana apa sing koktindakaké

sekawit. Yèn kowé ora mratobat, Aku
mesthi bakal rawuh lan bakal mundhut
pedamaran mau saka ing panggonané,
kejaba yèn kowé padha mratobat saka
dosa-dosamu.
6 Nanging iya ana saprekara sing becik:
Yakuwi enggonmu padha sengit karo
penggawéné para penganuté Nikolaus,
sing iya Daksengiti.
7 Sapa sing ngrungu, padha nggatèkna
apa sing dingandikakaké déning
Sang Roh Suci marang pasamuwan-
pasamuwan. Sing sapa tumemen bakal
Dakparengaké mangan wohing wit
panguripan sing ana ing petamanané
Gusti Allah."
8 "Nulisa marang malaékaté pasamuwan
ing kutha Smirna mengkéné: Iki
dhawuhé Sang Awal lan Sang Akir, sing
wis séda lan gesang menèh:
9 Aku ngerti kasusahanmu. Kowé
mlarat, nanging satemené sugih! Aku
ngerti enggonmu diala-ala déning wong-
wong sing ngaku-aku wong Yahudi,
mangka satemené dudu. Sejatiné
wong-wong kuwi umaté Iblis.
10 Kowé aja wedi karo kasangsaran
sing sedhéla menèh bakal nekani

kowé. Lan Iblis bakal nglebokaké wong panunggalanmu sawetara ana ing pakunjaran kanggo nyoba kowé. Kowé bakal nandhang kasusahan sepuluh dina lawasé. Tetepa setya marang Aku, senajan nganti tumeka ing pati; temahan kowé bakal Dakganjar urip sejati kang asipat langgeng, minangka makuthaning[b] kemenanganmu.
11 Sing sapa ngrungu nggatèkna apa sing dingandikakaké déning Rohé Allah marang pasamuwan-pasamuwan! Sing sapa tetep pangabektiné bakal ora disangsara déning pati sing kapindho."
12 "Nulisa marang malaékaté pasamuwan ing kutha Pèrgamus mengkéné: Iki dhawuhé Kang ngasta pedhang landhep kiwa-tengen:
13 Aku ngerti panggonanmu, yakuwi ing kutha krajané Iblis. Kowé padha setya marang Aku. Malah nalika Antipas, seksi-Ku sing setya, dipatèni ana ing satengahmu, iya ana ing kratoné Iblis, kowé padha ora nyélaki precayamu marang Aku.
14 Senajan mengkono, ana prekara sawetara sing ora Daksenengi tumraping

---

[b]makutha: mahkota (bhs. Ind.).

kowé, yakuwi panunggalanmu ana
wong-wong sing padha kèlu karo
piwulangé Biléam. Biléam mau ngajani
Balak supaya njlomprongaké wong
Israèl karebèn padha gawé dosa, srana
mangan sesajèné brahala sarta laku jina.
15 Mengkono uga panunggalanmu ana
wong sawetara sing kèlu karo piwulangé
wong-wongé Nikolaus.
16 Mulané padha mratobata! Awit yèn
ora, mengko Aku bakal énggal nekani
kowé lan nglawan wong-wong mau
nganggo pedhang sing ana ing tutuk-Ku.
17 Sapa sing krungu, nggatèkna apa
sing dadi pangandikané Sang Roh
Suci marang pasamuwan-pasamuwan.
Sing sapa unggul bakal Dakparingi
mangan manna sengkeran, sarta bakal
Dakparingi watu putih. Ing watu mau
kaukir jeneng anyar, sing ora dingertèni
ing wong, kejaba mung sing diparingi
mau."
18 "Nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing kutha Tiatira mengkéné:
Iki dhawuhé Putraning Allah, kang
paningalé kaya urubing geni lan
sampéyané kaya tembaga mengangah.

19 Aku ngerti penggawému kabèh:
Iya katresnanmu, iya kasetyanmu,
pengabdianmu lan kaantepanmu
sajroning nandhang sangsara. Aku ngerti
yèn penggawému sing kèri dhéwé iki
luwih becik ketimbang karo sing wiwitan.
20 Nanging ana saprekara sing ora
Daksenengi tumraping kowé: Yakuwi
enggonmu ngumbar Izébèl, wong
wadon sing ngaku-aku nabining Allah,
memulang lan nasaraké para abdi-Ku
supaya padha laku jina lan mangan
sesajèné brahala.
21 Aku wis maringi wektu marang wong
mau, nanging ora gelem mratobat saka
enggoné laku jina.
22 Mulané wong kuwi bakal Dakbanting
nganti dadi lara nggléthak ana ing
peturon. Ana ing kono Izébèl lan
wong-wong sing padha laku jina karo
dhèwèké bakal nandhang kasangsaran
gedhé. Kuwi bakal énggal Daktindakaké,
semono mau yèn padha ora marèni
lelakoné sing ala kuwi.
23 Wong-wong sing padha kèlu karo
Izébèl mau iya bakal Daktumpes,
supaya sakèhé pasamuwan padha
ngerti yèn Aku pirsa isining nalar lan

budining manungsa. Sarta Aku bakal
males marang kowé kabèh, miturut
sapenggawému dhéwé-dhéwé.
24 Nanging tumrap wong-wong liyané
ing kutha Tiatira, sing ora kèlu ing
piwulang mau lan ora nyinau ngèlmu-
ngèlmuning Iblis, Aku prejanji: Aku ora
arep nambahi momotan liyané marang
kowé.
25 Nanging apa sing koklakoni mau
ugemana nganti sateka-Ku.
26 Sing sapa teguh imané lan tansah
nindakaké préntah-Ku nganti tekan ing
wekasan, bakal Dakganjar pangwasa
padha karo pangwasa sing Daktampa
saka Rama-Ku.
27 Wong-wong mau bakal padha ngerèh
para bangsa nganggo teken wesi; lan
bangsa-bangsa bakal diremuk kaya
grabah.
28 Wong-wong mau uga bakal
Dakparingi lintang panjer ésuk.
29 Sapa waé sing krungu padha
ngrungokna apa sing dadi
pangandikaning Rohé Allah marang
pasamuwan-pasamuwan."

3 1 "Nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing kutha Sardis,

mengkéné: Iki dhawuhé Panjenengané
kang kagungan Rohé Allah pitu lan
lintang pitu. Aku ngerti sakèhing
penggawému. Kowé padha diarani urip,
mangka satemené mati!
2 Mulané tangia, lan tutugna apa sing
koklakoni sadurungé mati babar-pisan,
awit penggawému mau ora ana siji
waé sing sampurna ana ing ngarsané
Allahmu.
3 Coba éling-élingen menèh, apa sing
biyèn wis diwulangaké marang kowé lan
apa sing wis koksaguhi, kuwi tetepana
lan kowé padha mratobata. Yèn kowé
ora tangi, Aku bakal nekani kowé kaya
patrapé maling, sarta kowé ora bakal
ngerti wayah apa enggon-Ku teka mau.
4 Nanging panunggalanmu ing kutha
Sardis ana wong sawetara sing
sandhangané tetep resik. Wong-wong
mau bakal mlaku bebarengan karo
Aku nganggo sandhangan putih, merga
padha sembada.
5 Sing sapa tetep mengkono mau,
bakal dienggoni sandhangan putih, lan
jenengé ora bakal Dakbusek saka ing
buku sing isi daftaré wong sing padha
urip. Malah ana ing ngarsané Rama-Ku

lan ing ngarepé malaékaté, wong-wong
mau bakal Dakaku dadi kagungan-Ku.
6 Sing sapa krungu, padha ngrungokna
apa sing dadi pangandikaning Rohé Allah
marang pasamuwan-pasamuwan."
7 "Nulisa marang malaékaté pasamuwan
ing kutha Filadèlfia mengkéné: Iki
pangandikané Panjenengané Kang Suci,
lan Kang Sejati, sing ngasta kunciné
Dawud. Samangsa Panjenengané
ngengakaké, ora ana sing bisa nutup;
samangsa Panjenengané nutup, ora ana
sing bisa ngengakaké.
8 Aku ngerti sakèhing penggawému.
Aku ngerti yèn kekuwatanmu ora
sepiraa, nanging kowé wis padha netepi
piwulang-Ku lan setya marang Aku.
Kowé wis Dakwengani lawang sing ora
kena diinebaké déning wong.
9 Ngertia: Wong-wong umaté Iblis,
sing padha goroh lan ngaku-aku wong
Yahudi, mangka satemené dudu,
wong-wong mau Dakdadèkaké padha
sujud jèngkèng ana ing ngarepmu, sarta
padha ngakoni yèn Aku tresna marang
kowé kabèh.
10 Sarèhné kowé wis padha netepi
dhawuh-Ku supaya sabar, Aku bakal

ngreksa kowé ana ing dina kasangsaran
sing bakal kelakon ing donya iki, kanggo
ndadar wong sing padha manggon ing
bumi.
11 Aku bakal énggal rawuh. Apa sing
wis kokduwèni kuwi ugemana temenan,
supaya aja ana wong sing ngrebut
ganjaraning kemenanganmu.
12 Sing sapa netepi piwulang-Ku bakal
Dakdadèkaké saka-guruning Pedaleman
Suciné Rama-Ku, lan ora bakal metu
menèh saka ing kono. Karo déné wong
mau bakal Daktulisi Asmané Allah-Ku
lan jenengé kuthané Allah-Ku, yakuwi
kutha Yérusalèm Anyar, sing tumurun
saka ing swarga, saka Allah-Ku. Semono
uga bakal Daktulisi Asma-Ku kang anyar.
13 Sapa sing ngrungu, ngrungokna apa
sing dadi pangandikaning Rohé Allah
marang pasamuwan-pasamuwan."
14 "Nulisa marang malaékaté
pasamuwan ing kutha Laodikia
mengkéné: Iki pangandikané
Panjenengané, Sang Amin.[c] Seksi
sing setya lan sejati, sumbering sakèhing
titahé Allah.

---

[c]Sang Amin: Sang Kristus: ingkang saged dipun pitados.

15 Aku ngerti sakèhing penggawému.
Aku ngerti yèn kowé ora adhem lan
ora panas. Saiba beciké saupama kowé
adhem utawa panas!
16 Sarèhné kowé manget-manget, ora
adhem ora panas, mulané kowé bakal
Daklepèh saka tutuk-Ku.
17 Kowé muni: ‘Aku iki sugih lan
kecukupan samubarang sarta ora
kekurangan apa-apa.’ Nanging kowé ora
ngerti yèn kowé kuwi sejatiné mlarat lan
memelas. Kowé kuwi mlarat, kewudan
lan wuta.
18 Mulané kowé Dakpituturi: ‘Kowé
tukua emas murni saka Aku, supaya
kowé dadi sugih. Iya tukua saka Aku
sandhangan putih lan enggonen, supaya
wong ora padha weruh enggonmu
kewudan, lan ngisin-isini. Semono uga
tukua tamba kanggo nambani mripatmu,
supaya bisa ndeleng.’
19 Wong-wong sing Daktresnani kuwi
sing Dakwelèhaké lan Dakajar. Mulané
padha ditemen pangabektimu lan padha
mratobata, ninggala dosa-dosamu.
20 Ngertia! Aku ana ing ngarep lawang
sarta thothok-thothok. Yèn ana wong
sing krungu swara-Ku lan mbukakaké

lawang, Aku bakal mlebu ing omahé lan
mangan bebarengan karo wong mau.
21 Sing sapa ngèstokaké dhawuh-Ku,
bakal Dakparingi wewenang nindakaké
pepréntahan bebarengan karo Aku,
padha kaya Aku iya wis unggul lan saiki
nindakaké pepréntahan bebarengan
karo Rama-Ku.
22 Sing sapa krungu, ngrungokna apa
sing dadi pangandikaning Rohé Allah
marang pasamuwan-pasamuwan."

4 1 Sawisé mengkono, aku, Yohanes,
kaparingan wahyu menèh. Aku
weruh lawangé swarga menga lan
ana swara sing wis dakrungu biyèn,
ngandikani aku kaya swarané slomprèt,
mengkéné: "Munggaha mréné. Kowé
bakal Daktuduhi apa sing mbésuk bakal
kelakon."
2 Sanalika iku uga aku dikwaosi déning
Rohé Allah. Aku banjur weruh ing swarga
kono ana dhampar.[d] Lan sing lenggah
ing kono,

---

[d]dhampar: tahta (bhs. Ind.).

3 pasuryané sumunar kaya watu yaspis
lan sardis.[e] Dhampar mau kinubengan
kluwung sumunar kaya zamrud.
4 Ing sakubengé dhampar ana
dhampar-dhampar liyané, cacahé
patlikur, dilenggahi déning para
pinisepuh patlikur, ngagem ageman
putih lan makutha emas.
5 Dhampar mau metu cahyané kaya
kilat pating glebyar, lan swara kaya
gumlegering gludhug. Ing ngarepé
dhampar ana obor pitu murub: yakuwi
Rohé Allah pitu.
6 Ing ngarepé dhampar iya ana kaya
segara bening kaya kaca kristal. Ing
satengahé dhampar lan sakubengé ana
makluk papat, sisih ngarep lan sisih
mburiné, padha kebak mripat.
7 Déné makluk mau sing siji rupané
kaya singa, sing kapindho kaya sapi
lanang, katelu rainé kaya manungsa, lan
sing kapaté kaya manuk garudha mabur.
8 Makluk papat mau siji-sijiné duwé
swiwi nenem, lan badané sekojur njaba
njero kebak mripat. Makluk-makluk
mau rina wengi tanpa lèrèn memuji:

---

[e]yaspis lan sardis: bangsanipun séla kanggé rerenggan.

"Suci, suci, suci Pangéran Allah Kang
Mahakwasa, sing biyèn ana, saiki ana,
lan mbésuk iya ana."
9 Makluk papat mau saben-saben padha
nglagokaké kekidungan lan pakurmatan
tuwin pamuji sokur konjuk marang
Panjenengané kang pinarak ana ing
dhampar, lan kang gesang langgeng ing
selawas-lawasé. Sajroné makluk-makluk
mau padha memuji,
10 para pinituwa patlikur padha
sumungkem ana ing ngarsané
Panjenengané kang lenggah ana ing
dhampar, sarta nyembah Panjenengané
kang gesang ing selawas-lawasé. Tumuli
padha nyèlèhaké makuthané ana ing
sangarepé dhampar mau karo munjuk:
11 "Dhuh Pangéran, saha Allah kawula!
Namung Paduka ingkang pantes
kaluhuraken, kaurmatan saha kagungan
pangwaos; amargi Paduka sampun
nitahaken samukawis lan inggih margi
saking kersa Paduka samukawis menika
wonten sarta sami gesang."

5 1 Aku nuli weruh yèn Panjenenganė
kang lenggah ing dhampar mau
astané tengen ngasta gulungan kitab.

Kitab mau kebak tulisan njaba-njero,
sarta disègel nganggo sègel pitu.
2 Tumuli aku weruh malaékat sing
gagah-prakosa, nguwuh-uwuh klawan
sora: "Sapa sing wenang mbukak
gulungan kitab iki srana nglèthèki
sègel-sègelé?"
3 Nanging ing swarga, ing bumi sarta
ing sangisoring bumi, ora ana wong
siji-sijia sing wani mbukak gulungan
kitab kuwi, sarta ndeleng njeroné.
4 Aku tumuli nangis kelara-lara, merga
ora ana wong sing wenang mbukak
gulungan kitab mau sarta weruh isiné.
5 Banjur ana pinituwa sing kandha
marang aku: "Kowé aja nangis!
Delengen, Sang Singa saka taleré
Yéhuda, tedhaké Sang Prabu Dawud wis
unggul, saguh nglèthèki sègel pitu, sarta
mbukak gulungan kitab kuwi."
6 Aku banjur weruh ing satengahé
dhampar lan makluk papat, sarta ing
satengahé para pinituwa mau ana Cempé
ngadeg, katoné kaya tilas disembelèh.
Cempé mau sunguné pitu lan mripaté
pitu: yakuwi Rohé Allah pepitu, kang
kautus menyang ing salumahing bumi.

7 Sang Cempé mau banjur nyedhak
sarta nampani kitab mau saka asta
tengené panjenengané kang pinarak ing
dhampar.
8 Nalika Sang Cempé mundhut
gulungan kitab mau, makluk papat lan
pinituwa patlikur nuli sumungkem ana
ing ngarepé. Saben pinituwa nyekel
clempung lan bokor emas isi menyan,
yakuwi pandongané para suci.
9 Nuli padha ngidungaké kidung anyar,
tembungé: "Namung Paduka ingkang
pantes nampèni gulungan kitab menika
sarta nglèthèk sègel-sègelipun. Awit
Paduka sampun dipun sédani; lan srana
séda Paduka menika, tiyang-tiyang
saking sedaya taler, basa tuwin negari
miwah bangsa sami katebus kagem
Gusti Allah.
10 Tiyang-tiyang wau sampun Paduka
dadosaken tedhak-turunipun ratu,
inggih supados sami dados imam-imam
ingkang ngladosi Allah kita, tuwin sami
kagungan pangwaos wonten ing bumi."
11 Aku banjur weruh lan krungu swarané
malaékat sing cacahé maèwu-èwu lan
mayuta-yuta padha ngadeg sakubenging

dhampar lan makluk papat, tuwin para
pinituwa.
12 Para malaékat mau padha ngidung
nganggo swara sora, pangucapé: "Sang
Cempé ingkang sampun kapragat
menika pantes nampèni pangwaos, lan
kasugihan tuwin kawicaksanan, saha
kekiyatan tuwin pakurmatan, miwah
kamulyan lan pangalembana!"
13 Aku banjur krungu sakèhing makluk
sing ana ing swarga lan ing bumi
apa déné sangisoring bumi sarta ing
segara — cekaké sakèhing makluk ing
jagad raya kabèh — padha ngidung:
"Pangalembana lan kaurmatan, tuwin
pamuji lan kamulyan kasaosna marang
Panjenenganè kang lenggah ing dhampar
saha Sang Cempé, ing selawas-lawasé."
14 Makluk papat mau padha ngucap:
"Amin." Déné para pinituwa mau padha
sumungkem sujud.

6 1 Sawisé kuwi aku banjur weruh Sang
Cempé nglèthèk sègel sing kapisan.
Lan aku krungu pangucapé makluk papat
mau salah siji, swarané kaya gludhug:
"Padha delengen!"
2 Aku nuli namataké lan weruh ana
jaran putih. Sing nunggang nyekel

gendhéwa lan dienggoni makutha.
Banjur maju kaya wong sing menang
perangé.
3 Sang Cempé nuli nglèthèk sègel sing
kapindho, aku krungu makluk kang
kapindho ngucap: "Delengen!"
4 Tumuli ana jaran liyané maju, ulesé
abang mbranang, ditunggangi wong
sing kaparingan pangwasa nyirnakaké
katentreman sing ana ing bumi, supaya
wong-wong padha patèn-pinatènan.
Mulané wong mau kaparingan pedhang
gedhé.
5 Sang Cempé nuli nglèthèk sègel
katelu. Aku krungu makluk katelu
ngucap: "Delengen!" Aku namataké lan
weruh jaran ireng, ditunggangi wong
nyekel timbangan.
6 Aku nuli krungu swara kaya saka ing
tengah-tengahé makluk papat mau.
Pangucapé: "Gandum seliter kanggo
opah sedina, lan jagung telung liter
kanggo opah sedina. Nanging aja
ngrusakaké wit-wit zaitun lan kebon
anggur!"
7 Sang Cempé nuli nglèthèk sègel
kapat, aku krungu makluk sing nomer
papat ngucap: "Delengen!"

8 Aku nuli weruh ana jaran ulesé pucet
ditunggangi wong jenengé Pati. Wong
mau dietutaké déning Kratoning Pati.
Padha kaparingan pangwasa matèni
seprapating bumi srana pedhang, pailan,
pageblug sarta srana kéwan-kéwan
galak.
9 Nalika Sang Cempé nglèthèk sègel
kelima, aku weruh ing sangisoring
mesbèh ana nyawané para wong
sing wis padha dipatèni merga saka
pangandikané Allah lan merga saka
enggoné padha martakaké pangandika
mau.
10 Nyawa-nyawa mau padha nguwuh-
uwuh swarané sora: "Dhuh Sang Kristus
ingkang Mahakwaos, ingkang Mahasuci
tuwin Mahasetya. Ngantos mbénjing
menapa enggèn Paduka ngadili tiyang
ingkang wonten ing bumi, kanggé males
anggènipun sami mejahi kawula?"
11 Nuli nyawa-nyawa mau padha
kaparingan jubah putih siji-siji, lan
didhawuhi supaya padha lerem sawetara
mangsa engkas, nganti cacahé wong
sing nunggal pegawéan karo wong-wong
kuwi lan sedulur-seduluré sing iya bakal

padha dipatèni kaya dhèwèké mau,
genep.
12 Bareng Sang Cempé nglèthèk sègel
sing kanem, aku nuli krasa ana lindhu
nggegirisi. Srengéngéné dadi ireng kaya
karung areng, lan rembulan dadi abang
kaya getih.
13 Lintang-lintang ing langit padha
rontog tiba ing bumi, kaya wohing wit
anjir sing isih mentah padha rontog
katempuh ing angin gedhé.
14 Langit nuli nglunthung kaya kertas
digulung, lan sakèhing gunung sarta
pulo padha ngalih saka panggonané.
15 Para raja ing bumi, para penggedhé
lan para pemimpining prejurit, para
wong sugih lan para pangwasa, sakèhing
batur-tukon lan wong merdika kabèh
padha umpetan ana ing guwa-guwa lan
ing sela-selaning gunung watu.
16 Wong-wong mau padha kandha
karo gunung-gunung lan watu-watu
mau: "Aku padha jugrugana lan aling-
alingana, supaya aku padha ora kapirsan
déning Panjenengané kang lenggah ing
dhampar lan kena ing bebenduné Sang
Cempé mau.

17 Sebab wis tekan dina paukumané
Panjenenganė kang lenggah ing dhampar
lan Sang Cempé; mangka ora ana sing
kuwagang nadhahi."

7 1 Sawisé kuwi aku weruh malaékat
papat ngadeg ana ing pojoking bumi
papat, padha nyandhet angining bumi
saka kéblat papat, supaya aja ana angin
sing niyub ing dharatan, ing segara
utawa ing wit-witan.
2 Banjur aku weruh ana malaékat
liyané njedhul saka ing Wétan. Malaékat
mau nggawa ecapé Allah kang gesang.
Klawan swara seru malaékat mau
kandha karo malaékat papat sing padha
kaparingan wewenang saka Gusti Allah
ngrusak dharatan lan segara.
3 Tembungé: "Aja ngrusak dharatan
lan segara utawa wit-witan sadurungé
aku padha ngecap bathuké para abdiné
Allah!"
4 Aku dikandhani yèn cacahé para
abdiné Allah sing diecapi bathuké mau
satus patang puluh papat èwu.
5 Wong-wong kuwi asalé saka taleré
bangsa Israèl rolas; saben taler 12.000.
Yakuwi saka taler Yéhuda, Rubèn, Gad,
6 Asyèr, Naftali, Manasyè,

7 Siméon, Lèwi, Isakar,
8 Zébulon, Yusuf, Bènyamin.
9 Sawisé mengkono aku weruh ana
golonganing wong akèh banget, ora
kena diétung merga saka akèhé. Asalé
wong-wong mau saka sakèhing bangsa,
taler, negara lan basa. Padha ngadeg ana
ing ngarepé dhampar lan ing ngarsané
Sang Cempé; padha nganggo jubah
putih sarta nyekel pang kurma.
10 Wong-wong mau padha nguwuh
swarané seru: "Kita iki bisané slamet
mung merga saka Allah kita kang
lenggah ing dhampar sarta merga Sang
Cempé!"
11 Ana déné para malaékat padha
ngadeg ing sakubenging dhampar lan
para pinituwa, sarta makluk papat mau.
Para malaékat nuli padha sumungkem
ing ngarepé dhampar sarta sujud
marang Gusti Allah.
12 Unjuké: "Amin! Sakèhing puji
kasaosna marang Allah kita merga saka
kamulyan lan kawicaksanané. Pantes
kasaosan panuwun lan kaurmatan, awit
pangwasa lan kasektèné langgeng ing
selawas-lawasé. Amin!"

13 Nuli ana pinituwa sing ndangu
marang aku: "Apa kowé ngerti, sapa
sing padha nganggo jubah putih kuwi
lan saka ngendi pinangkané?"
14 Atur wangsulanku: "Bapak, kula
mboten ngertos. Malah Bapak ingkang
pirsa." Pinituwa mau banjur ngandika
marang aku: "Kuwi wong-wong sing
luwar saka ing panganiaya sing
nggegirisi, sarta wis padha ngumbah
jubahé nganti putih srana rahé Sang
Cempé.
15 Mulané padha ngadhep ana ing
ngarepé dhamparing Allah, sarta padha
ngabekti marang Panjenengané rina
lan wengi ana ing Pedalemané Allah.
Lan Panjenengané kang lenggah ing
dhampar kuwi bakal dedalem ana ing
satengahé wong-wong mau, paring
pengayoman.
16 Wong-wong kuwi bakal padha ora
krasa luwé lan ngelak menèh, sarta ora
bakal ngrasakaké panasing srengéngé
sing sumelèt.
17 Awit Sang Cempé sing lenggah ing
dhampar kuwi bakal dadi pangoné sing
ngirid wong-wong mau menyang etuking

banyu kauripan, sarta Gusti Allah bakal
ngusapi sakèhé eluhing mripaté."

8 [1] Bareng Sang Cempé mau nglèthèk
sègel sing kapitu, ing swarga banjur
dadi sepi nyenyet wetara setengah jam
suwéné.
[2] Nuli aku weruh malaékat pitu ngadeg
ana ing ngarsaning Allah, padha
kaparingan slomprèt pitu.
[3] Malaékat liyané, sing nggawa pedupan
emas, nyedhaki mesbèh lan ngadeg
ing ngarepé mesbèh mau. Malaékat
mau wis kaparingan menyan akèh
supaya diobong minangka sesaosan,
bebarengan karo pandongané para
umaté Allah kabèh, ana ing mesbèh
emas, ing ngarepé dhampar.
[4] Kukusé menyan sing diobong kuwi
kumelun awor karo pandongané umaté
Allah saka tangané malaékat mau
marang ngarsané Gusti Allah.
[5] Malaékat mau nuli nggawa pedupan
lan diisèni mawa saka ing mesbèh,
banjur diuncalaké menyang bumi.
Nuli ana swarané gludhug gumleger
bebarengan bledhèg sesamberan, apa
déné lindhu.

6 Sawisé kuwi malaékat pitu sing padha
nyekel slomprèt mau banjur tata-tata
arep ngunèkaké slomprèté.
7 Bareng malaékat kang kapisan
ngunèkaké slomprèté mau, nuli ana
udan ès lan geni, campur getih,
kaesokaké ing bumi; saprateloné bumi
lan saprateloné wit-witan nganti padha
kobong, semono uga sakèhé suket ijo.
8 Malaékat kang kapindho nuli
ngunèkaké slomprèté. Banjur ana
barang saèmper gunung gedhé sing
murub, kauncalaké ing segara. Temah
saprateloné segara malih dadi getih,
9 lan saprateloné makluk sing urip
ing segara padha mati lan saprateloné
kapal-kapal sing lagi lelayaran padha
tumpes.
10 Malaékat kang katelu ngunèkaké
slomprèté, banjur ana lintang gedhé
murub kaya obor tiba saka ing
langit, nibani saprateloné kali-kali lan
etuk-etuking banyu.
11 Lintang mau jenengé Apsintus,
tegesé "Pait". Mula saprateloné sakèhing
banyu dadi pait, njalari akèh wong padha
mati merga ngombé banyu sing wis dadi
pait mau.

12 Malaékat kang kapat banjur
ngunèkaké slomprèté, saprateloné
srengéngé lan saprateloné rembulan
sarta saprateloné lintang-lintang padha
ilang cahyané sapratelon. Semono uga
saprateloné awan lan saprateloné wengi
dadi peteng ndhedhet.
13 Aku banjur weruh ana manuk
garudha mabur dhuwur ing awang-
awang. Manuk mau nywara seru: "Bilai,
bilai! Samangsa malaékat telu liyané
ngunèkaké slomprèté, sakèhing wong
sing padha manggon ing bumi iki nemahi
bilai."
9 1 Malaékat sing kalima nuli
ngunèkaké slomprèté. Aku banjur
weruh ana lintang tiba saka ing langit
nibani bumi. Lintang mau kaparingan
kunciné lawang teleng palimenganing
pati.
2 Bareng lawangé dibukak, banjur ana
kukus kumelun metu saka ing teleng
palimengan mau kaya kebul metu saka
pawon gedhé. Soroté srengéngé lan
awang-awang banjur dadi peteng déning
kebul mau.
3 Saka kebul kuwi nuli metu walangé
akèh sing padha niba ing bumi. Walang-

walang mau ngetokaké wisa ampuh
saèmper wisané kalajengking,
4 lan padha dipenging ngrusak suket
utawa wit-witan utawa thethukulan
liya-liyané, kejaba mung manungsa sing
ing bathuké ora ana capé Gusti Allah.
5 Walang-walang mau ora diparengaké
matèni manungsa, nanging mung nyiksa
waé, lawasé limang sasi. Panyiksa mau
laranè kaya yèn dientup kalajengking.
6 Sajroné limang sasi wong-wong mau
padha ngudi supaya mati, nanging ora
bisa. Padha kepéngin mati, nanging
malah diedohi déning pati.
7 Rupané walang-walang mau kaya
jaran sing siap arep perang. Ing endhasé
ana kaya makutha emas. Rainé kaya rai
manungsa.
8 Lan wuluné kaya rambuté wong
wadon. Untuné kaya untu singa.
9 Dhadhané kaya nganggo keré
wesi. Swarané elaré kumrasak kaya
gumrubyuging kréta perang akèh
digèrèd ing jaran, maju menyang
peprangan.
10 Walang-walang mau duwé buntut lan
entup kaya entupé kalajengking. Iya ana
ing buntuté kuwi dununging kekuwatané

kanggo nyiksa manungsa lawasé limang
sasi.
11 Walang-walang mau duwé ratu,
yakuwi malaékat penggedhéné teleng
palimengan. Jenengé ing basa Ibrani
Abadon, lan ing basa Yunani Apolion,
tegesé: "Tukang Ngrusak."
12 Kasangsaran sing sepisan wis
kelakon. Sawisé kuwi isih ana
kasangsaran loro menèh.
13 Malaékat sing kanem banjur
ngunèkaké slomprèté. Aku banjur
krungu swara metu saka pojoké papat
mesbèh emas sing ana ing ngarsané
Gusti Allah.
14 Swara kuwi ngandika marang
malaékat kanem sing nyekel slomprèt
mau: "Malaékat papat sing padha
kabanda ana ing sacedhaké Bengawan
Éfrat kuwi uculana."
15 Malaékat papat mau nuli diuculi.
Yakuwi malaékat sing dicawisaké kanggo
matèni saprateloné umaté manungsa
sing jam, dina, sasi lan tauné wis
katemtokaké.
16 Aku dikandhani yèn cacahé prejurit
jaranan kuwi rong atus yuta.

17 Ana ing wahyu kono aku weruh
jaran-jaran lan sing padha nunggangi.
Sing padha nunggang mau nganggo keré
wesi, rupané abang mbranang lan biru
kaya watu nilam, sarta kuning lirang.
Endhasé jaran kaya endhas singa, lan
cangkemé ngetokaké geni, kukus lan
lirang.
18 Saprateloné umaté manungsa padha
dipatèni déning wewelak[f] telu, yakuwi
geni, kukus lan lirang sing metu saka
cangkemé jaran-jaran mau.
19 Daya kekuwatané jaran-jaran kuwi
dumunung ana ing cangkemé sarta ing
buntuté. Merga buntuté kuwi kaya ula,
nganggo endhas. Srana buntut-buntuté
kuwi jaran-jaran mau nyiksa umaté
manungsa.
20 Nanging kekarèné manungsa sing
ora dipatèni nganggo wewelak telu
mau meksa ora padha mratobat saka
penggawéné sing ala. Ora padha
marèni enggoné nyembah marang para
dhemit lan brahala-brahala emas, slaka,
tembaga, watu apa déné kayu sing ora
bisa ndeleng, krungu utawa mlaku.

---

[f] wewelak: malapetaka (bhs. Ind.).

21 Apa menèh ora padha mratobat saka
enggoné mematèni, ulah ngèlmu gaib,
laku jina, apa déné nyenyolong.

10 1 Aku banjur weruh ana malaékat
liyané sing gagah-prakosa
mudhun saka ing swarga, kemulan
méga, lan ing sandhuwuring sirahé
ana kluwungé. Rainé mencorong kaya
srengéngé, lan sikilé kaya tugu geni.
2 Malaékat mau nyekeli gulungan
kitab cilik bukakan. Sikilé sing tengen
tumapak ing segara, lan sing kiwa ana
ing dharatan.
3 Malaékat mau nguwuh seru kaya
panggeroning singa. Sawisé mengkono,
gludhug pitu kuwi mangsuli swarané
gumleger.
4 Apa sing diucapaké gludhug pitu mau
arep dakcatheti, nanging aku krungu
swara saka ing swarga ngandika: "Apa
sing diucapaké déning gludhug pitu kuwi
wewadi. Aja kokcathet!"
5 Malaékat sing dakdeleng ngadeg ana
ing segara lan ing dharatan mau nuli
ngangkat ngathungaké tangané tengen,
6 sarta banjur sumpah demi
Panjenengané kang gesang langgeng
selawas-lawasé, kang nitahaké langit

saisiné, lan bumi saisiné sarta segara
saisiné; tembungé: "Dinané ora bakal
kaundur menèh!
7 Nanging samangsa malaékat kapitu
ngunèkaké slomprèté, Gusti Allah bakal
nindakaké rancangané, kaya sing wis
kawartosaké marang para abdiné,
yakuwi para nabi."
8 Swara sing wis dakrungu saka swarga
mau nuli ngandika menèh mengkéné:
"Majua, kitab gulungan bukakan sing
ana ing tangané malaékat kang ngadeg
ana ing segara lan ing dharatan kuwi
tampanana."
9 Aku banjur marani malaékat mau
lan njaluk, supaya kitab kawènèhna
marang aku. Pangucapé malaékat mau:
"Tampanana lan panganen. Ana ing
wetengmu rasané bakal kecut, nanging
ana ing cangkemmu rasané legi kaya
madu."
10 Kitab bukakan cilik mau nuli
daktampani lan dakpangan. Ana ing
cangkem rasané kaya madu, nanging
bareng dakulu tekan weteng rasané
kecut.
11 Aku nuli didhawuhi supaya martakaké
pangandikané Gusti Allah menèh marang

para bangsa, negara-negara, basa sarta
para ratu.

11

1 Sawisé kuwi aku banjur diparingi
glagah, piranti kanggo ngukur,
kanthi dhawuh mengkéné: "Mangkata
lan ukuren Pedalemané Allah sarta
mesbèh sing kanggo saos kurban
marang Panjenengané. Itungen pira
cacahé wong sing manembah ana ing
kono.
2 Mung plataran sanjabané Pedalemané
Allah waé aja kokukur, merga kuwi wis
kaparingaké marang wong-wong sing
ora wanuh marang Gusti Allah lan sing
bakal ngidak-idak kutha suci kuwi lawasé
patang puluh loro sasi.
3 Aku bakal ngutus seksi-Ku loro
nganggo sandhangané wong kepatèn.
Dakdhawuhi medhar wangsit lawasé
sèwu rong atus sewidak dina."
4 Seksi loro mau, yakuwi wit zaitun
loro lan pedamaran loro sing ana ing
ngarsané Allah.
5 Yèn ana wong sing arep nindakaké
piala, bakal disirnakaké déning geni sing
metu saka cangkemé seksi loro mau.
Kaya mengkono, kabèh wong sing arep
gawé susahé bakal dipatèni.

6 Seksi loro mau padha kaparingan pangwasa ngancing langit, supaya ora ana udan sajroné padha martakaké pangandikané Gusti Allah; sarta padha kaparingan pangwasa tumrap sakèhing etuk, sing bisa didadèkaké getih. Apa menèh padha kaparingan pangwasa ngukum bumi nganggo wewelak werna-werna, sewayah-wayah ing sakarepé.
7 Samangsa wis rampung enggoné padha nglairaké paseksiné, kéwan sing muncul saka ing teleng palimenganing pati banjur bakal nglawan lan ngalahaké sarta matèni seksi loro mau.
8 Jisimé bakal gumléthak ana ing dalan ing kutha gedhé, panggonané Gustiné kasalib. Kutha mau disebut nganggo jeneng sesinglon Sodom lan Mesir.
9 Wong-wong saka sakèhé taler, bangsa, basa lan negara bakal nonton jisim mau lawasé telu setengah dina, lan ora nglilani jisim-jisim mau dikubur.
10 Wong-wong ing bumi bakal padha bungah merga patiné seksi loro mau. Banjur padha nganakaké kraméan lan padha kirim-kiriman barang tandhané

kabungahan, merga nabi loro sing gawé
susahé wong kabèh wis mati.
11 Sawisé telu setengah dina roh sing
nguripaké saka ing Allah nuli angslup
ing jisim-jisim mau, temahan sing mati
banjur padha tangi, nganti wong kabèh
sing nyipati padha wedi banget.
12 Sawisé kuwi nabi loro mau krungu
swara seru saka ing swarga, nimbali:
"Padha munggaha mréné!" Banjur padha
munggah ing swarga, kakemulan ing
méga, kadeleng déning para satruné.
13 Tumuli ana lindhu gedhé ngrubuhaké
saprasepuluhé kutha, lan matèni wong
pitung èwu. Wong-wong liyané padha
giris banget, banjur padha ngluhuraké
Asmané Gusti Allah ing swarga.
14 Wewelak sing kapindho wis kliwat;
nanging wewelak sing kateluné tumuli
nusul.
15 Bareng malaékat sing kapitu
ngunèkaké slomprèté, tumuli ing
swarga ana swara-swara sora banget
padha nguwuh-uwuh mengkéné:
"Pepréntahan ing donya iki saiki kaasta
déning Pangéran kita lan Sang Kristus.
Panjenengané bakal jumeneng Ratu
langgeng ing selawasé!"

16 Para pinituwa patlikur, sing padha
lungguh ing dhampar ing ngarsaning
Allah banjur padha sumungkem sujud
marang Panjenengané.
17 Unjuké: "Dhuh Allah ingkang
Mahakwaos, ingkang jumeneng Allah
ing jaman samenika lan ugi ing jaman
rumiyin! Kawula sami saos sukur
dhumateng Paduka, margi Paduka
sampun ngagem pangwaos ingkang
ageng, sarta sampun wiwit ngasta
pepréntahan!
18 Tiyang-tiyang ingkang mboten sami
tepang kaliyan Paduka sami ngamuk,
awit sampun dumugi wekdalipun
bebendu Paduka katamakaken, saha
sampun dumugi wekdalipun Paduka
ngadili tiyang-tiyang ingkang sampun
sami pejah. Samenika sampun dumugi
wekdalipun Paduka maringi ganjaran
dhateng para abdi Paduka, inggih menika
para nabi, sarta sedaya umat Paduka,
inggih sedaya tiyang ingkang ngabekti
dhateng Paduka, tiyang-tiyang alit
dadosa tiyang-tiyang ageng. Samenika
inggih wekdalipun Paduka nglebur
tiyang-tiyang ingkang sami ngrisak
bumi."

19 Pedalemané Gusti Allah sing ana ing
swarga banjur kawengakaké lan Pethi
Prejanjiané katon ana ing kono. Nuli
ana kilat pating clèrèt lan gumlegering
gludhug. Buminé gonjang-ganjing lan
ana udan ès deres banget.

12 1 Ing langit tumuli katon ana
rerupan anèh lan ora lumrah. Ana
wong wadon sing nganggo sandhangan
srengéngé, ngadeg ana ing rembulan.
Wong mau nganggo makutha rinengga
lintang rolas.
2 Wong wadon mau lagi mbobot,
lan sarèhné wis mèh tekan wektuné
nglairaké, dadiné nglarani karo
sesambat.
3 Banjur ana rerupan anèh menèh
muncul ing langit. Ana naga gedhé
banget, rupané abang mbranang,
endhasé pitu lan sunguné sepuluh, sarta
ing saben endhasé ana jamangé.
4 Buntuté naga mau nyèrèd saprateloné
lintang-lintang ing langit, nuli katibakaké
ana ing bumi. Naga mau mapan ana ing
ngarepé wong wadon sing nglarani mau,
sedyané arep nguntal bayiné samangsa
lair.

5 Wong wadon mau banjur mbabar
Putra kakung, kang bakal ngerèh para
bangsa nganggo teken wesi. Dumadakan
Sang Putra mau karebut lan kaplayokaké
menyang ing ngarsané Allah lan ing
dhamparé.
6 Déné wong wadon mau mlayu
menyang pasamunan, ing panggonan
sing wis kacawisaké déning Gusti Allah.
Ana ing kono wong mau diopèni lawasé
sèwu rong atus sewidak dina.
7 Ing swarga nuli ana peperangan.
Mikhaèl lan malaékat-malaékaté padha
perang nglawan naga mau. Semono uga
si naga kabantu déning para malaékaté
nglawan Mikhaèl.
8 Nanging si naga kalah perangé.
Mula naga lan para malaékaté mau ora
diparengaké manggon ing swarga.
9 Si naga gedhé nuli diuncalaké metu!
Yakuwi si ula kuna sing karan Iblis utawa
Sétan, sing nasarakė saisiné jagad;
diuncalaké menyang ing bumi, semono
uga para malaékaté.
10 Aku nuli krungu swara seru banget
ana ing swarga, muni mengkéné:
"Saiki wis tekan wektuné Gusti Allah
nylametaké umat kagungané! Saiki

Gusti Allah wis nindakaké pepréntahané,
lan pangwasané Sang Kristus iya
wis kebabar. Awit si penggugat sing
rina wengi nggugat para sedulur kita
ing ngarsané Gusti Allah kuwi wis
kauncalaké saka ing swarga.
11 Para sedulur kita wis padha nelukaké
si naga srana rahé Sang Cempé,
lan srana Injilé Allah sing padha
diwartakaké, sebab padha ora ngéman
marang nyawané dhéwé nganti tekan
patiné.
12 Mulané swarga lan sing padha
manggon ana ing kono padha bungah-
bungaha! Nanging cilaka temen bumi lan
segara! Merga Iblis wis mudhun nekani
kowé karo nepsu banget, awit ngerti yèn
wektuné mung kari sedhéla."
13 Bareng si naga éling yèn wis
kabuwang menyang bumi, banjur
ngoyak wong wadon sing wis mbabar
Putra kakung mau.
14 Wong wadon kuwi wis kaparingan
swiwi garudha gedhé banget sepasang,
supaya bisa mabur menyang panggonané
ana ing pasamunan, luwar saka
pengganggguné si naga. Ana ing

pasamunan kono wong wadon mau
diupakara lawasé telu setengah taun.
15 Si naga nyemburaké banyu kaya kali
saka ing cangkemé supaya wong wadon
mau kèlia ing kali kono.
16 Nanging wong wadon ditulungi déning
bumi. Bumi ngangapaké cangkemé lan
nguntal banyu sing disemburaké déning
naga mau.
17 Si naga nepsu banget marang wong
wadon mau, banjur lunga nempuh
kekarèné turuné, yakuwi wong kabèh
sing padha ngèstokaké dhawuhé Gusti
Allah lan ngugemi piwulangé Gusti
Yésus.

13

1 (12-18) Si naga banjur mapan
ana ing pinggir segara. (13-1)
Nuli aku weruh ana kéwan njedhul saka
segara, sunguné sepuluh, endhasé pitu.
Ing sunguné ana makuthané lan ing
saben endhasé ana tulisan panyenyamah
marang Gusti Allah.
2 Kéwan sing dakdeleng mau rupané
kaya macan tutul, sikilé kaya sikil
bruwang, lan cangkemé kaya cangkem
singa. Kéwan mau diwènèhi kasektèn
déning si naga; malah iya diwènèhi
dhampar lan pangwasané sing gedhé.

3 Katoné endhasé kéwan mau ana siji
sing tatu mbebayani, nanging tatu mau
wis pulih. Wong sajagad banjur padha
ngetutburi kéwan mau karo gumun.
4 Si naga padha dipepuja, awit wis
mènèhaké pangwasané marang kéwan
kuwi. Wong-wong mau iya padha
memuja marang si kéwan, pangucapé:
"Sapa sing madhani kéwan iki? Lan sapa
sing bisa nandhingi kasektèné?"
5 Si kéwan mau diparengaké déning
Gusti Allah ngucapaké tembung-
tembung kumlungkung sing nyewiyah
marang Allah, sarta kaparingan
pangwasa lawasé patang puluh loro sasi.
6 Si kéwan banjur nyenyamah Gusti
Allah, lan iya nyewiyah marang Asma
lan Pedalemané Allah, sarta kabèh sing
padha manggon ana ing swarga.
7 Si kéwan uga diparengaké nempuh
lan ngalahaké kagunganė Allah. Iya
kaparingan pangwasa ngerèh marang
saben taler lan negara, basa lan bangsa.
8 Si kéwan bakal dipepuja déning wong
ing bumi kabèh, yakuwi saben wong sing
jenengé wiwit nalika jagad katitahaké
ora katulis ing buku kauripan kagunganė
Sang Cempé sing wis kasembelèh.

9 Sapa sing duwé kuping ngrungokna!
10 Sapa sing pinesthi ditawan, bakal
ditawan. Lan sing sapa pinesthi dipatèni
srana pedhang bakal dipatèni srana
pedhang. Iya merga sing mengkono
mau umaté Allah kudu sabar mantep lan
precaya.
11 Aku nuli weruh kéwan liyané njedhul
saka ing dharatan. Kéwan mau sunguné
loro, kaya sunguné Sang Cempé, lan
swarané kaya swarané naga.
12 Kéwan kuwi nindakaké sakèhing
pangwasané kéwan kang kapisan, ana
ing ngarepé. Jagad lan wong kabèh sing
padha manggon ing kono padha dipeksa
nyembah marang kéwan kang kapisan
sing wis waras tatuné sing mbebayani
mau.
13 Kéwan sing kapindho nganakaké
mujijat-mujijat sing nggumunaké. Ana
ing ngarepé wong kabèh kéwan mau
ngedhunaké geni saka langit menyang
bumi.
14 Kéwan kuwi pancèn diparengaké
nindakaké mujijat-mujijat sing
katindakaké ana ing ngarepé kéwan
kang kapisan mau. Lan wong kabèh
dikon déning kéwan kang kapindho

ngedegaké reca kanggo ngurmati kéwan
kang kapisan, sing wis ketaton déning
pedhang, nanging tetep isih urip.
15 Kéwan kang kapindho kuwi
diwenangaké mènèhi nyawa marang
reca mau, mula reca mau bisa caturan
lan matèni sakèhing wong sing ora
gelem nyembah marang dhèwèké.
16 Wong kabèh, gedhé cilik, sugih
miskin, batur-tukon lan wong merdika,
dipeksa déning kéwan kang kapindho
mau, nganggo ciri ana ing tangané
tengen lan ana ing bathuké.
17 Ora ana wong siji waé sing bisa
tetuku lan dodolan kejaba mung sing
nganggo ciri jenengé si kéwan mau
utawa angka sing nélakaké jenengé si
kéwan mau.
18 Ing kéné prelu ana kawicaksanan.
Wong sing wicaksana bisa ngerti tegesé
angkané si kéwan kuwi, sebab angka
mau nyebutaké jenengé sawijining
manungsa. Angkané, yakuwi nem atus
sewidak nem.
14 1 Aku nuli weruh Sang Cempé
jumeneng ana ing Gunung Sion.
Panjenenganè kadhèrèkaké déning wong
satus patang puluh papat èwu. Ing

bathuké wong-wong mau katulis asmané
Sang Cempé lan asmané Ramané.
2 Aku banjur krungu swara saka langit
kaya gumrojoging banyu akèh lan kaya
gumlegeré gludhug sing nggegirisi.
Swarané kaya clempung sing diunèkaké
déning para penabuhé.
3 Ana ing ngarepé dhampar lan ing
ngarepé makluk papat sarta para
pinituwa sing ana ing sakubengé
dhampar mau wong satus patang puluh
papat èwu padha ngidungaké kidung
anyar. Ora ana wong sing bisa nyinau
kidung mau kejaba mung wong satus
patang puluh papat èwu sing wis padha
katebus saka ing bumi.
4 Yakuwi wong sing ora padha njemberi
awaké srana srawung karo wong wadon,
temah mulus kaya prawan. Wong-wong
mau padha ndhèrèkaké Sang Cempé ing
satindaké. Yakuwi sing padha katebus
saka panunggalané manungsa kabèh
minangka kurban wiwitan kacaosaké
marang Gusti Allah lan marang Sang
Cempé.
5 Wong-wong kuwi padha ora tau goroh
lan padha tanpa cacad.

6 Aku banjur weruh ana malaékat
liyané mabur ing awang-awang, ngasta
Kabar Kabungahan (yakuwi Injil)
kang langgeng, kawartakaké marang
wong-wong sing padha manggon ana
ing bumi, yakuwi marang saben bangsa,
taler, basa lan negara.
7 Malaékat mau ngandika kanthi swara
seru: "Padha wedia marang Allah
lan padha pujinen Asmané, awit wis
tekan mangsané Gusti Allah nindakaké
pengadilan tumraping manungsa. Padha
sujuda marang Panjenengané sing wis
nitahaké langit lan bumi, segara sarta
sakèhing etuké banyu."
8 Malaékat kang kapisan kasusul déning
malaékat kang kapindho, nguwuh:
"Wis rubuh! Kutha Babil sing gedhé
kuwi wis rubuh! Kutha sing wis njalari
para bangsa padha mendem angguring
hawa-nepsu, laku jina."
9 Nuli ana malaékat katelu nusul,
pangandikané sora: "Wong sing memuja
marang si kéwan lan recané, sarta
nampani ciri ana ing bathuké utawa ing
tangané,
10 bakal ngombé anggur bebenduné
Gusti Allah, sing wis kacawisaké ana

ing wadhahé, tanpa dikurangi sethithik-thithika! Wong kabèh bakal kasiksa nganggo geni lan lirang ana ing ngarepé para malaékaté Allah lan ing ngarsané Sang Cempé.

11 Kukusing geni sing kanggo nyiksa wong-wong mau bakal kumelun ing selawas-lawasé. Panyiksané bakal ora lèrèn-lèrèn rina lan wengi. Yakuwi wong-wong sing padha nyembah marang si kéwan lan recané, sarta sakèhing wong sing nganggo ciri jenengé si kéwan mau."

12 Ing kéné iki umaté Allah, sing padha netepi dhawuhé lan setya marang Gusti Allah, padha prelu sabar mantep.

13 Aku nuli krungu swara saka swarga: "Tulisen! Rahayu para wong sing padha mati ana ing patunggilané Gusti."
"Pancèn mengkono," pangandikané Rohé Allah. "Supaya padha aso saka ing rekasané, sarta bakal ngrasakaké wohing penggawéné."

14 Aku banjur weruh ana méga putih. Ing méga kono ana kang lenggah, katoné kaya Gusti Yésus. Mestakané ngagem makutha emas lan astané ngasta arit kang landhep.

15 Banjur ana malaékat liyané metu
saka Pedalemané Allah. Malaékat
mau munjuk kanthi seru marang
Panjenengané kang lenggah ing méga
mau: "Gusti, mugi kersa ngginakaken
arit menika kanggé ngenèni, margi
sampun dumugi mangsanipun ngenèni,
awit panènanipun sampun sepuh!"
16 Panjenengané kang lenggah ing
méga mau nuli ngempakaké arité ana
ing bumi, sarta bumi nuli kaenénan.
17 Nuli aku weruh malaékat liyané metu
saka Pedalemané Allah ing swarga,
nyekel arit sing landhep.
18 Sawisé kuwi nuli ana malaékat liyané
menèh metu saka mesbèh. Malaékat
kuwi ngwasani geni. Banjur nguwuh
kanthi swara seru marang malaékat
sing nyekel arit landhep mau: "Aritmu
sing landhep kuwi enggonen mbabad,
lan dhompolan woh anggur sing ana
ing kebon anggur ing bumi padha
undhuhana, awit woh-woh wis padha
mateng!"
19 Malaékat mau banjur nyabetaké arité
lan ngundhuhi woh anggur, diuncalaké
ing jedhing pamipitan gedhé, yakuwi
papan tumindaké bebenduné Allah.

20 Woh anggur mau nuli dipipit ana ing
sanjabané kutha, lan saka ing pamipitan
mau metu getihé, mili terus, jeroné
nganti wetara rong mèter lan dohé
telung atus kilomèteran.

15 1 Aku nuli weruh rerupan élok
lan nggumunaké. Ana malaékat
pitu padha nggawa wewelak pitu kang
wekasan. Iki paukumané Allah sing kèri
dhéwé.
2 Aku banjur weruh rerupan katoné
kaya segara kaca campur geni. Aku uga
weruh wong-wong sing wis padha unggul
enggoné perang karo si kéwan lan
recané, sarta unggul ing ngatasé wong
sing jenengé disebut nganggo angka.
Wong-wong sing wis padha unggul kuwi
padha ngadeg ana ing pinggiring segara
kaca mau, karo padha nyekel clempung
sing diparingaké déning Gusti Allah.
3 Wong-wong mau padha ngidungaké
kidungé Nabi Musa, abdiné Allah lan
kidungé Sang Cempé, uniné: "Dhuh
Allah, Paduka ingkang Mahakwaos,
saèstu agung saha élok pakaryan
Paduka! Dhuh Ratuning sedaya bangsa,
pakaryan Paduka saèstu adil saha leres.

4 Dhuh Pangéran, sinten ingkang
mboten ajrih saha mboten ngluhuraken
Asma Paduka? Inggih namung Paduka
piyambak ingkang suci. Pramila
sekathahipun bangsa sami badhé sowan
sarta nyembah sujud dhateng Paduka:
Awit sedaya tiyang sampun sami
sumerep pangrèh Paduka ingkang adil."
5 Sawisé mengkono aku nuli weruh
Pedalemané Allah ing swarga kabukak
lan ing njeroné ana tarub paleremané
Allah.
6 Malaékat pitu sing nggawa wewelak
pitu mau padha metu saka Pedalemané
Allah, nganggo klambi putih memplak
gumilap lan ing dhadhané nganggo
sabuk emas.
7 Salah sawijining makluk papat mau
banjur ngulungaké bokor emas marang
malaékat pitu mau, kabèh kebak isi
bebenduning Allah, yakuwi Allah kang
gesang langgeng ing selawas-lawasé.
8 Pedalemané Allah mau nuli kebak
keluking kaluhuran lan pangwaosing
Allah. Sadurungé wewelak pitu sing
katindakaké déning malaékat pitu
rampung, ora ana wong siji waé sing
olèh mlebu ing Pedalemané Allah mau.

16 1 Aku nuli krungu swara seru saka
Pedalemané Allah dhawuh marang
malaékat pitu mau mengkéné: "Padha
mangkata, bokor sing isi bebenduning
Allah kuwi padha suntaken ing bumi!"
2 Malaékat kang kapisan nuli mangkat
lan nyuntak bokoré ana ing bumi.
Wong-wong sing padha nganggo ciriné
si kéwan lan sing nyembah recané
nuli padha ketaman lelara wudun sing
nggegirisi lan mbebayani.
3 Sawisé kuwi malaékat kang kapindho
nyuntak bokoré ing segara, banyuné
banjur dadi kaya getihé wong mati,
njalari patiné sakèhing makluk sing urip
ana ing segara mau.
4 Sawisé mengkono malaékat kang
katelu nyuntak bokoré ing kali-kali lan
etuk-etuking banyu, temahan banyuné
dadi getih.
5 Aku banjur krungu malaékat kang
ngwasani banyu munjuk: "Dhuh Sang
Mahasuci, Paduka menika Mahaadil,
jumeneng Allah ing samangké, ugi ing
jaman kepengker!
6 Sarèhné tiyang-tiyang menika sampun
sami ngwutahaken rahipun para suci lan
para nabi, pramila tiyang-tiyang menika

sami Paduka ombèni rah; mekaten
menika sampun samesthinipun!"
7 Aku nuli krungu swara saka mesbèh,
pangucapé: "Dhuh Pangéran, Allah
ingkang Mahakwaos. Pengadilan Paduka
menika sedaya leres lan adil."
8 Sawisé kuwi malaékat kang kapat
nyuntak bokoré ing srengéngé, lan
srengéngéné diparengaké mbrangas
manungsa srana panasé sing sumelèt.
9 Temahan manungsa padha dadi
gosong merga déning sumelèting
panasé, njalari padha nyupatani Allah,
kang nekakaké wewelak-wewelak mau.
Éwasemono wong-wong padha ora
gelem mratobat marèni dosa-dosané,
lan ora gelem ngluhuraké Gusti Allah.
10 Malaékat kang kalima banjur njuntak
bokoré ing dhamparé si kéwan, temahan
wilayah kono dadi peteng kabèh, sarta
wong-wong nganti padha nggigit ilaté
dhéwé merga ngrasakaké larané.
11 Wong-wong mau banjur padha
nyupatani Gusti Allah kang ana ing
swarga merga ora betah ngrasakaké
larané lan merga saka enggoné padha
wudunen. Éwasemono wong-wong mau

meksa padha ora gelem mratobat marèni
penggawéné sing ala.
12 Sawisé kuwi malaékat kang kanem
banjur nyuntak bokoré ing Bengawan
Éfrat. Bengawan mau dadi asat, nganti
bisa diambah déning raja-raja saka
tanah Wétan.
13 Aku banjur weruh ana roh reged
telu rupané kaya kodhok, siji metu
saka cangkemé si naga, siji metu saka
cangkemé si kéwan, lan sijiné metu saka
cangkemé si nabi palsu.
14 Kodhok telu kuwi roh-rohé sétan sing
padha gawé mujijat-mujijat. Kodhok-
kodhok mau nuli padha nekani ratu-ratu
sajagad kabèh, padha diklumpukaké,
diajak perang ing Dina kang wingit, yaiku
Dinané Gusti Allah Kang Mahakwaos.
15 "Kowé Dakkandhani, yèn Aku
bakal rawuh, kaya patrapé maling!
Begja wong sing siaga lan ngopèni
sandhangané, supaya aja kewudan lan
katon kawirangané!"
16 Ana déné roh-roh mau enggoné
nglumpukaké raja-raja ana ing
panggonan sing ing basa Ibrani karan
Harmagédon.

17 Sawisé mengkono, malaékat kang
kapitu nyuntak bokoré ing awang-awang.
Saka ing dhamparé Pedalemané Allah
ing swarga nuli keprungu swara seru,
pangandikané: "Wis rampung!"
18 Tumuli ana thathit-thathit pating
clèrèt ora lèrèn-lèrèn, lan gludhug
gumleger, sarta ana lindhu gedhé sing
durung tau kelakon selawasé bumi
dienggoni manungsa. Kaya mengkono
lindhu mau enggoné nggegirisi.
19 Kutha sing gedhé pecah dadi telu;
mengkono uga kutha-kuthané para
bangsa sajagad, uga padha jugrug.
Gusti Allah banjur kèngetan marang
kutha gedhé Babil. Kutha mau banjur
diombèni saka tuwung sing kebak
anggur bebenduning Allah.
20 Sakèhé pulo banjur padha musna,
semono uga gunung-gunung padha
sirna.
21 Nuli ana udan ès prongkolan.
Saprongkolan boboté sèket kilogram,
tiba saka langit, nibani wong-wong.
Wong-wong nuli padha nyupatani Gusti
Allah merga saka wewelak udan ès sing
nggegirisi mau.

17 1 Sawisé mengkono salah sijiné
malaékat pitu sing nggawa bokor
pitu mau marani aku lan ngandhani:
"Mrénéa, daktuduhi paukumané si
sundel gedhé, yakuwi kutha gedhé kang
kaadegaké ana ing papan sing akèh
banyuné.
2 Para raja padha bédhang karo
sundel gedhé mau, mengkono uga
para wong sing manggon ing bumi
wis padha mendem déning angguring
bédhanganė."
3 Sajroning pangwasané Sang Roh
Suci aku digawa déning malaékat mau
menyang pesamunan. Ing kono aku
weruh ana wong wadon nunggang kéwan
sing ulesé abang mbranang. Kéwan
mau awaké sekojur kebak tulisan sing
nyenyamah marang Gusti Allah. Kéwan
kuwi endhasé pitu lan sunguné sepuluh.
4 Wong wadon mau nganggo klambi
wungu lan abang tuwa, nganggo
rerenggan emas, inten lan mutiara.
Tanganė nyekel tuwung emas isiné
kebak sakèhing barang-barang reged lan
njijiki, olèh-olèhané enggoné laku jina.
5 Wong wadon mau ing bathuké ana
tulisané jeneng sandi, yakuwi: "Babil

gedhé, baboning sakèhing sundel lan
sakèhing penggawé nistha ing bumi."
6 Aku weruh wong wadon mau lagi
mendem merga getihé para wong
precaya lan getihé para wong sing
neksèni Asmané Gusti Yésus. Ndeleng
kaanan kuwi aku gumun banget.
7 Malaékat mau nuli kandha marang
aku: "Yagéné kowé kokgumun? Kowé
dakkandhani bab wadiné wong wadon
lan wadiné kéwan tunggangané sing
endhasé pitu lan sunguné sepuluh kuwi.
8 Kéwan sing kokdeleng kuwi mauné
ana, nanging saiki ora ana. Kéwan kuwi
bakal njedhul saka teleng palimenganing
pati lan bakal disirnakaké. Déné para
manungsa kang manggon ana ing bumi,
sing jenengé ora katulis ana ing Buku
Kauripan sadurungé jagad katitahaké,
samangsa padha weruh si kéwan mau
bakal padha gumun. Awit kéwan kuwi
biyèn ana, saiki ora ana, nanging bakal
njedhul menèh.
9 Tumraping prekara iki prelu
kawicaksanan lan pangerti. Endhas
pitu kuwi ngibarataké gunung pitu sing
dilungguhi déning wong wadon mau.
Kuwi uga ngibarataké ratu pitu:

10 sing lima wis padha ambruk, sing siji saiki isih madeg, sijiné menèh durung teka. Déné samangsa teka, enggoné madeg ora suwé.
11 Ana déné si kéwan, sing mauné ana, saiki ora ana, kuwi raja kang kawolu. Raja kuwi tunggalé raja pitu sing bakal kasirnakaké mau.
12 Déné sungu sepuluh sing kokdeleng kuwi ngibarataké ratu sepuluh sing durung wiwit mréntah. Ratu-ratu mau bakal padha nampani pangwasané bebarengan karo si kéwan, suwéné sejam.
13 Raja sepuluh kuwi padha sarujuk masrahaké kasektèn lan pangwasané marang si kéwan mau.
14 Raja-raja lan si kéwan bakal nempuh perang nglawan Sang Cempé. Nanging bakal padha dikalahaké déning Sang Cempé lan para pendhèrèké sing wis katimbalan lan kapilih, sarta setya marang Panjenengané. Awit Panjenengané kuwi Gustiné para gusti lan Ratuné para ratu."
15 Malaékat mau nuli ngandikani aku mengkéné: "Banyu sing kokdeleng, sing dilungguhi sundel kuwi, ngibarataké

negara-negara, golongan-golonganing
masarakat, para bangsa lan basa.
16 Sungu sepuluh sing kokdeleng lan si
kéwan mau bakal padha sengit marang
si sundel mau. Barang-darbèké sundel
mau bakal direbut lan wongé diwudani.
Dagingé banjur dipangan; sawisé kuwi
sundel mau bakal diobong ing geni.
17 Kuwi kabèh merga Gusti Allah
wis ngosikaké atiné wong-wong
supaya padha nglakoni apa sing
wis ditetepaké déning Gusti Allah.
Wong-wong nuli padha masrahaké
pangwasané marang si kéwan. Si kéwan
bakal nindakaké pepréntahané nganti
sakèhing pangandikané Gusti Allah wis
padha katetepan kabèh.
18 Wong wadon sing kokdeleng kuwi
ngibarataké kutha gedhé, kang ngerèh
para ratu ing bumi."

18 1 Sawisé mengkono aku banjur
weruh malaékat liyané mudhun
saka swarga. Malaékat mau gedhé
pangwasané, sarta bumi dadi padhang
merga saka kamulyané.
2 Malaékat mau nguwuh-uwuh kanthi
seru: "Wis rubuh! Babil, kutha gedhé
kuwi wis rubuh. Saiki wis dienggoni roh-

roh reged lan dadi papan pandhelikané
para roh najis sarta sarupaning manuk
sing najis lan disengiti déning wong.
3 Sakèhé para bangsa wis padha
ngombé anggur hawa-nepsuné laku jina.
Para raja ing bumi wis padha laku jina
karo kutha Babil, lan para sudagar ing
bumi wis padha dadi sugih merga saka
hawa-nepsuné kutha Babil sing ora kena
dikendhalèni."
4 Aku banjur krungu swara liyané saka
swarga ngandika: "Hé, umat-Ku! Metua
saka kutha Babil kuwi! Supaya kowé
ora kèlu marang dosa-dosané, sarta aja
nganti mèlu kena ing paukumané!
5 Merga dosané wis tumpuk-undhung
nganti sundhul ing langit, lan Gusti Allah
ngèngeti sakèhing pialané.
6 Walesen kaya sing wis katindakaké
marang kowé; lan tikelana loro. Tuwungé
isènana ombèn-ombèn sing kerasé tikel
loroné sing disedhiyakaké kanggo kowé.
7 Patrapana paukuman lan kasangsaran
sing padha gedhéné timbang karo
kaluhuran lan kamuktèn sing wis
dirasakaké. Sebab osiking atiné
selawasé mengkéné: ‘Aku iki ratu kang

nindakaké pangwasa! Aku dudu randha,
lan ora bakal nandhang prihatin.’
8 Mulané bareng sedina kuwi uga, wong
mau bakal katekanan bilai pirang-pirang,
pageblug, kasangsaran lan pailan.
Wong mau bakal kaobong ing geni
awit Pangéran Allah kang ngadili kuwi
Mahakwasa."
9 Para raja sing padha laku bédhang
karo wong wadon mau, bakal padha
nangisi lan sesambat, yakuwi samangsa
padha weruh kumeluné kukus saka geni
sing ngobong kutha Babil mau.
10 Para raja enggoné ngadeg ana ing
kadohan, awit saka wediné ketaman ing
kasangsarané kutha mau, pangucapé:
"Adhuh, cilaka temen kowé, kutha gedhé
Babil, kutha sing misuwur sentosané!
Déné kowé wis katumpes déning
paukuman mung sajroné sajam!"
11 Para sudagar uga padha nangisi lan
sesambat merga wong wadon mau, awit
wis ora ana wong sing nukoni dagangané
menèh.
12 Yakuwi dagangan arupa emas lan
slaka, sesotya lan mutiara, mori alus,
mori wungu, sutra lan mori jingga; lan
rupa-rupa dandanan saka kayu sing

langka anané, saka gadhing lan saka
kayu sing larang regané, saka tembaga,
wesi lan marmer;
13 manis jangan, bumbu-bumbu, lenga
wangi, menyan; anggur lan lenga,
glepung lan gandum, sapi lan wedhus,
jaran lan kréta, batur-tukon, malah iya
manungsa barang.
14 Pangucapé para sudagar marang
wong wadon mau: "Samubarang sing
dadi pepénginaning atimu wis ilang, lan
sabarang sing méwah lan éndah wis
sirna, sarta ora bakal ketemu menèh."
15 Para sudagar sing dadi sugih merga
enggoné dedagangan ana ing kutha
Babil mau bakal padha ngadeg ana ing
kadohan, awit saka wediné yèn mèlu
ketaman ing panyiksané kutha mau.
Wong-wong mau mung padha nangis lan
sesambat,
16 tembungé: "Adhuh iba cilakané kutha
sing misuwur kuwi! Lumrahé menganggo
mori alus, lawon wungu lan lawon
jingga, sarta nganggo rerenggan emas,
lan sesotya mutiara!
17 Nanging sajroning sejam waé
kasugihan sing semono kèhé wis sirna
kabèh!" Sakèhing juru-mudhi, wong

lelayaran, lan para matrus, sarta sakèhé wong sing panguripané ana ing segara, padha ngadeg ing kadohan.
18 Bareng weruh kukus kumelun saka geni sing ngobong kutha mau, banjur padha bengok-bengok, pangucapé: "Durung tau ana kutha sing semono gedhéné!"
19 Sirahé banjur padha diuwuri lebu nélakaké enggoné susah; banjur padha nangis lan sesambat: "Adhuh cilaka temen kutha gedhé iki! Kasugihané wis gawé sugihé sakèhing juragan kapal. Nanging sajroning sejam waé wis sirna babar-pisan!"
20 Hé swarga, bungah-bungaha merga saka karusakané kutha kuwi! Hé para umaté Allah, rasul-rasul lan nabi-nabi, padha bungaha! Merga Gusti Allah wis ndhawahaké paukuman marang kutha kuwi minangka pemalesé tumrap apa sing wis ditindakaké déning kutha mau marang kowé kabèh!
21 Sawisé mengkono banjur ana malaékat kang rosa ngangkat watu gedhéné sapenggilingan lan nguncalaké watu mau menyang segara, karo muni: "Kaya mengkéné iki enggoné kutha Babil

sing misuwur kuwi bakal kauncalaké
sarosané, nganti ora bakal tinemu
menèh!
22 Swaraning musiké tukang clempung,
para pesindhèn, tukang suling lan
tukang slomprèt, ora bakal keprungu
menèh ana ing tilas panggonanmu, lan
wis bakal ora ana ulah kagunan[g] menèh
ana ing kono, mengkono uga swarané
penggilingan ora bakal keprungu menèh.
23 Ora ana soroté lampu sing madhangi
kowé menèh, lan swarané wong duwé
gawé ora bakal keprungu menèh. Para
sudagarmu kuwi wong sing diéringi
banget ing salumahing bumi, lan srana
ngèlmu-ngèlmu gaibmu kowé wis
nasaraké sakèhing bangsa ing bumi!"
24 Kutha Babil wis kaukum, merga
ing kutha kono akèh getih sing wis
kawutahaké, yakuwi getihé para nabi,
getihing umaté Allah, ringkes getihé
sakèhing wong sing dipatèni ana ing
bumi kono.
19 1 Sawisé mengkono aku krungu
kaya swarané wong akèh banget
ana ing swarga, pangucapé: "Pinujia

[g]kagunan: kesenian (bhs. Ind.).

Allah! Keslametan, kamulyan lan
pangwasa ana ing astané Allah kita!
2 Pengadilané leres lan patitis.[h]
Panjenengané wis ngadili sundel gedhé,
kang gawé rusaking bumi srana enggoné
laku jina. Panjenengané wis malesaké
marang wong wadon kuwi, merga
enggoné wis matèni para abdiné."
3 Swara mau nuli ngucap kang
kapindhoné: "Pinujia Allah! Kumeluné
kukus saka geni kang ngobong
kutha gedhé mau bakal langgeng
selawas-lawasé."
4 Para pinituwa patlikur lan makluk
papat kuwi banjur padha sumungkem
sujud marang Gusti Allah kang lenggah
ing dhampar, sarta munjuk: "Amin,
pinujia Allah."
5 Nuli keprungu swara saka dhampar,
pangandikané: "Hé para abdiné Allah
kabèh, lan sakèhé wong, gedhé cilik
kang nyembah marang Panjenengané,
padha saosa puji marang Allah kita!"
6 Sawisé kuwi aku banjur krungu kaya
swarané wong akèh banget. Swara mau
kaya gumrojoging banyu akèh lan kaya
swarané gludhug gumleger, tembungé:

---

[h]patitis: tepat (bhs. Ind.).

"Pinujia Allah! Awit Pangéran Allah kita
Kang Mahakwaos jumeneng Raja!
7 Payo kita padha ramé-ramé bebungah,
lan ngluhuraké kamulyané! Amarga wis
tekan wektuning temuné Sang Cempé,
lan pengantèn putri wis rumanti.
8 Pengantèn putri wis kaparingan
ageman mori alus putih, kang resik
gumilap!" (Anadéné mungguh mori alus
kuwi ngibarataké kautamaning umaté
Allah.)
9 Malaékat mau ngandika karo
aku mengkéné: "Tulisen iki: ‘Begja
wong-wong kang tinimbalan marang
bujana temuné Sang Cempé.’" Nuli
pangandikané menèh marang aku: "Iki
pangandikané Gusti Allah kang sanyata."
10 Aku banjur sumungkem ing ngarepé
malaékat mau arep nyembah, nanging
nuli dipangandikani: "Aja mengkono!
Aja nyembah aku. Nyembaha Allah!
Awit aku iki ora béda karo kowé lan
para sedulurmu kabèh, kang precaya
marang Gusti Yésus!" Sebab sakèhing
prekara nyata sing diparingaké déning
Gusti Yésus kuwi sumbering pamedhar
wangsité para nabi.

11 Aku banjur weruh swarga menga;
katon ana jarané putih. Déné sing
nunggang jenengé Sang Setya lan
Sang Sanyata. Panjenengané enggoné
nindakaké pengadilan lan peperangan
kanthi adil.
12 Mripaté kaya urubing geni. Sirahé
nganggo makutha akèh. Déné jeneng
sing katulis ana ing Panjenengané, ora
ana sing ngerti, kejaba Panjenengané
piyambak.
13 Penganggoné jubah kebak getih,
sarta jenengé kasebut: "Sabdaning
Allah".
14 Para prejuritè swarga padha
ngetutaké lakuné karo nunggang jaran
putih, lan menganggo sandhangan mori
alus putih memplak.
15 Tutuké metokaké pedhang landhep
arep kanggo ngalahaké bangsa-bangsa.
Panjenengané bakal ngerèh bangsa-
bangsa mau nganggo teken wesi, lan
bakal meres anggur ana ing pamipitan,
yakuwi bebendu merga saka dukané
Gusti Allah Kang Mahakwaos.

16 Ana ing jubah lan wentisé[i] ditulisi
Asmané: "Ratuné para ratu lan Gustiné
para gusti."
17 Aku nuli weruh malaékat ngadeg
ana ing srengéngé, lan nguwuh seru
marang sakèhé manuk kang mabur ing
awang-awang, pangucapé: "Mrénéa,
padha nglumpuka ngguyubi pahargyan
gedhé, sing diadani déning Gusti Allah!
18 Padha mangana dagingé para ratu,
dagingé para penggedhéné perang
lan para wong sing peng-pengan, apa
déné dagingé jaran lan sing padha
nunggangi, sarta dagingé sakèhing
manungsa, gedhé cilik, batur-tukon lan
wong merdika!"
19 Aku banjur weruh si kéwan lan
para ratu pepak saprajurité, padha
nglumpuk arep nglawan perang marang
Panjenengané kang nunggang jaran
putih lan sabalané mau.
20 Si kéwan nuli dicekel, semono uga
para nabi palsu sing wis padha nindakaké
mujijat-mujijat ana ing ngarepé si kéwan
mau. (Iya srana mujijat-mujijat kuwi
si kéwan nasaraké wong-wong sing
padha nampani ciriné si kéwan kuwi lan

---

[i]wentis: paha (bhs. Ind.).

wong-wong sing padha sujud marang
recané.) Si kéwan lan para nabi palsu
mau nuli kacemplungaké urip-uripan
ing segara geni lirang sing murub
makantar-kantar.
21 Déné balané padha dipatèni srana
pedhang sing metu saka tutuké
Panjenenganè sing nitih jaran putih mau.
Manuk-manuk nuli padha teka lan ora
sranta mangani dagingé wong-wong sing
padha dipatèni.

20 1 Aku nuli weruh ana malaékat
tumurun saka swarga. Tanganè
nyekel kunci telenging pati lan ranté
gedhé.
2 Malaékat mau nuli nyekel si naga,
yakuwi si Iblis utawa Sétan. Naga nuli
diranté sèwu taun lawasé.
3 Banjur diuncalaké ana ing telenging
pati, nuli ditutup lan disègel, supaya aja
nasaraké para bangsa menèh sadurungé
sèwu taun mau entèk. Sawisé mengkono
si naga bakal dieculaké menèh sawetara
mangsa.
4 Aku banjur weruh ana dhampar-
dhampar. Déné sing nglenggahi
dhampar-dhampar mau kaparingan
pangwasa nindakaké pengadilan. Aku

uga weruh nyawané wong-wong sing padha katigas guluné merga saka enggoné neksèni marang Gusti Yésus lan martakaké pangandikané Gusti Allah. Wong-wong kuwi durung tau nyembah sujud marang si kéwan utawa marang recané, sarta ora nampani ciriné si kéwan ana ing bathuké lan ing tangané. Wong-wong mau kabèh padha urip menèh lan padha ndhèrèk dadi ratu karo Sang Kristus lawasé sèwu taun.
5 Iki petangèn kang kapisan. (Nanging wong-wong mati liyané padha ora urip menèh sadurungé sèwu taun mau entèk.)
6 Wong-wong sing padha katangèkaké ing petangèn kapisan, kuwi begja lan binerkahan. Sebab wong-wong mau ora bakal dikwasani déning pati kang kapindho, nanging bakal padha dadi imam-imamé Gusti Allah lan imam-imamé Sang Kristus, sarta bakal ndhèrèk jumeneng ratu karo Panjenengané nganti sèwu taun lawasé.
7 Sawisé genep sèwu taun mau, Iblis bakal dieculaké menèh saka pakunjarané,

8 sarta bakal metu nasaraké para
bangsa ing salumahing bumi, yakuwi
si Gog lan Magog. Bangsa-bangsa
mau kabèh ora kena diétung cacahé,
bakal diklumpukaké déning Iblis kaajak
perang.
9 Nuli padha mencar nglurug perang
ing sajagad kabèh, sarta ngepung
panggonané para umaté Allah, sarta
kutha sing dikasihi déning Allah. Nanging
banjur ana geni tumurun saka langit,
nyirnakaké wong-wong mau.
10 Déné Iblis sing nasaraké wong-wong
kuwi nuli kacemplungaké ana ing segara
geni lan lirang, yakuwi panggonané si
kéwan lan nabi palsu bakal padha kasiksa
rina wengi langgeng ing selawas-lawasé.
11 Aku nuli weruh dhampar gedhé putih
lan Panjenenganė kang nglenggahi
dhampar mau. Bumi lan langit padha
ilang saka ngarsané lan wis ora katon
menèh.
12 Aku nuli weruh wong-wong sing wis
padha mati, gedhé cilik, padha ngadeg
ing ngarepé dhampar mau. Banjur ana
kitab-kitab kang kabukak, yakuwi Kitab
Kauripan. Wong-wong mau nuli padha

diadili miturut penggawéné adhedhasar
apa kang katulis ing kitab-kitab mau.
13 Segara masrahaké wong-wong mati
sing ana ing njeroné. Penggedhéné
Pati sarta Kratoning Pati iya padha
masrahaké wong-wong mati sing ana
ing wewengkoné. Wong-wong mau
kabèh padha diadili miturut penggawéné
dhéwé-dhéwé.
14 Sawisé kuwi si Pati lan Kratoning Pati
nuli kacemplungaké ing segara geni.
(Segara geni kuwi disebut pati kang
kapindho.)
15 Déné saben wong sing jenengé ora
katulis ana ing Kitab Kauripan, padha
kacemplungaké ing segara geni mau.

21 1 Aku nuli weruh langit anyar lan
bumi anyar. Langit kang kapisan
lan bumi kang kapisan wis ora ana,
segara iya wis ora ana.
2 Aku uga weruh kutha suci. Yérusalèm
kang anyar, tumurun saka swarga,
saka Allah. Kutha mau dipaèsi kaya
pengantèn wadon sing didandani arep
ditemokaké karo pengantèn lanang.
3 Aku banjur krungu swara seru saka
dhampar mau, ngandika: "Saiki dalemé
Gusti Allah ana ing satengahé manungsa!

Panjenenganè bakal gesang sesarengan
karo manungsa. Wong-wong bakal
padha dadi umaté lan Panjenenganè
jumeneng dadi Allahé.
4 Gusti Allah bakal ngusapi sakèhing luh
saka ing mripating umaté. Pati wis bakal
ora ana menèh. Kasusahan, tangis lan
lelara uga bakal ora ana. Samubarang
kang lawas wis ilang."
5 Panjenenganè kang lenggah ing
dhampar banjur ngandika: "Samubarang
kabèh Dakdadèkaké anyar!" Banjur
ngandika marang aku: "Nulisa, awit
pangandika iki nyata lan kena diprecaya."
6 Sarta pangandikané menèh:
"Samubarang kabèh wis kelakon. Aku iki
Sang Alfa lan Sang Oméga, Kang Miwiti
lan Kang Mungkasi. Wong sing ngelak
bakal Dakparingi ngombé saka etuking
banyu kauripan tanpa mbayar.
7 Sing sapa mantep precayané bakal
tampa kuwi kabèh saka Aku, sarta
Aku bakal jumeneng dadi Allahé, lan
dhèwèké bakal dadi putra-Ku.
8 Nanging para wong sing jirih, lan
wong-wong sing ora setya, wong-wong
ala kelakuané, tukang matèni wong,
wong sing laku jina lan wong sing

dadi tukang tenung, wong sing padha
nyembah brahala lan sakèhé tukang
ngapusi, bakal padha kacemplungaké
ing segara geni lan lirang murub, yakuwi
pati kang kapindho."
9 Panunggalané malaékat pitu sing
nggawa bokor kebak wewelak pitu sing
wekasan teka lan kandha marang aku:
"Mrénéa, daktuduhi Pengantèn Putri,
garwané Sang Cempé."
10 Aku banjur dikwasani déning Roh lan
digawa déning malaékat mau menyang
gunung gedhé lan dhuwur banget. Aku
dituduhi kutha Yérusalèm kang suci
tumurun saka swarga, saka Gusti Allah,
11 kebak kaluhuran lan cahya
kamulyané Allah. Kutha mau mengkilap
kaya sesotya yaspis, lan bening kaya
kristal.
12 Témboké mubeng gedhé lan dhuwur,
gapurané rolas, lan dijaga déning
malaékat rolas. Ing lawang-lawanging
gapura mau katulis jenengé taleré
bangsa Israèl rolas.
13 Ing sisih Wétan ana gapurané telu,
ing sisih Lor telu, ing sisih Kidul telu lan
ing sisih Kulon telu.

14 Témboké mubeng kutha kuwi
nganggo pondhasi watu rolas. Ing watu-
watu mau katulis jenengé rasul-rasulé
Sang Cempé, cacahé rolas.
15 Malaékat sing kandha karo aku mau
nggawa wilah ukuran emas, kanggo
ngukur kutha, gapura lan témboké
mubeng.
16 Kutha mau pesagi, dawané padha
karo ambané. Malaékat kuwi enggoné
ngukur nganggo wilah emas mau.
Dawané 2.400 kilomèter; déné amba lan
dhuwuré padha karo dawané.
17 Bareng ngukur témboké mubeng
ketemu dhuwuré témbok mau sewidak
mèter. Ukuran kuwi manut ukurané
manungsa, kang iya dadi ukurané
malaékat.
18 Témbok mubeng mau saka sotya
yaspis; kuthané saka emas tulèn,
beningé kaya kaca.
19 Pondhasiné témbok mubeng
direngga-rengga nganggo watu adi
manca-warna. Pondhasi kang kapisan
kuwi yaspis, kang kapindho nilam, kang
katelu mirah, kang kapat zamrud,
20 kang kalima sardonik, kang kanem
sardis, kang kapitu retna cempaka, kang

kawolu béril, kang kasanga krisolèt, kang
kasepuluh krisopas, kang kasewelas
lazuardi, kang karolas kecubung.
21 Gapurané rolas mau saka mutiara
rolas; siji-sijiné gapura wujud mutiara
siji. Déné dalan-dalané kutha mau
kagawé saka emas murni, beningé kaya
kaca.
22 Ing kutha kono aku ora weruh
Pedalemané Allah, awit Pedalemané
Allahé kuwi ya Pangéran piyambak, Allah
Kang Mahakwaos sarta Sang Cempé.
23 Kutha kuwi ora mbutuhaké
padhanging srengéngé utawa rembulan,
merga sing madhangi cahyaning Allah
piyambak, sarta Sang Cempé sing dadi
oboré.
24 Para bangsa ing bumi bakal padha
mlaku ana ing pepadhangé, lan para
ratu uga bakal padha ngasta kasugihané
menyang ing kutha kono.
25 Gapurané kutha kuwi bakal ora
kainebaké ing wayah awan, awit ing
kono bakal ora ana bengi menèh.
26 Kamulyan lan kasugihané bangsa-
bangsa bakal kagawa mlebu ing kutha
kono.

27 Nanging wong-wong sing padha
nglakoni penggawé nistha, lan
wong-wong sing seneng ngapusi ora
diparengaké mlebu mrono, ringkesé
sabarang kang najis babar-pisan ora
kena digawa mlebu mrono. Mung
wong-wong sing jenengé padha katulis
ing Kitab Kauripan kagungané Sang
Cempé waé sing kena mlebu.

22 1 Malaékat mau uga nuduhi aku
kali sing banyuné bening kaya
kristal, yakuwi banyuné kauripan. Kali
mau mili metu saka dhamparé Gusti
Allah lan dhamparé Sang Cempé,
2 terus menyang satengahé dalan-dalan
ing kutha kono. Ing sakiwa-tengené
kali mau ana wit-wit kauripan sing
metokaké woh ping rolas sajroné setaun,
saben sasi sepisan. Godhongé dienggo
marasaké para bangsa.
3 Ing kutha kono ora ana barang sing
kena ing laknaté Gusti Allah. Dhamparé
Gusti Allah lan Sang Cempé bakal ana
ing tengahé kutha kono. Para abdiné
Allah bakal padha ngabekti marang
panjenengané,

4 lan bakal padha nyawang pasuryané.
Bathuké bakal padha kacirènan asmané
Allah.
5 Ing kono bakal ora ana wayah bengi
menèh, mulané wong-wong mau padha
ora mbutuhaké obor utawa srengéngé,
awit Pangéran piyambak kang bakal
madhangi. Wong-wong mau bakal
padha mréntah dadi ratu langgeng ing
selawas-lawasé.
6 Malaékat mau nuli ngandika marang
aku: "Pangandika iki nyata lan kena
diprecaya. Gusti Allah kang wis
maringaké Rohé marang para nabi, wis
ngutus malaékaté supaya nuduhaké
marang para abdiné apa kang pinesthi
bakal kelakon."
7 Pangandikané Gusti Yésus: "Aku bakal
énggal rawuh. Begja wong sing padha
ngèstokaké pameca, sing katulis ing
kitab iki."
8 Aku Yohanes wis weruh lan
krungu prekara-prekara mau kabèh.
Sawisé krungu lan ndeleng, aku nuli
sumungkem, arep sujud ing ngarepé
malaékat, sing wis nuduhaké kabèh
marang aku.

9 Nanging tembungé malaékat: "Aja!
Aja nyembah aku. Nyembaha Gusti
Allah. Aku rak iya abdi kaya kowé,
lan kaya sedulur-sedulurmu para
nabi lan kabèh wong sing ngèstokaké
pangandika-pangandika ing kitab iki!"
10 Pangucapé menèh: "Pameca-pameca
sing ana ing kitab iki aja ditutup-tutupi,
awit wektu bakal kelakoné kuwi mau
kabèh wis cepak!
11 Wong ala karebèn nerusaké olèhé
gawé piala, sing jember karebèn
nerusaké olèhé njemberaké awak. Sing
sapa laku bener karebèn nerusaké olèhé
laku bener. Sing sapa suci, karebèn
nerusaké olèhé nucèkaké awaké."
12 Pangandikané Gusti Yésus: "Aku
bakal énggal rawuh, sarta ngasta
ganjaran peparing-Ku minangka
pituwasé wong siji-siji miturut
penggawéné.
13 Aku iki Sang Alfa lan Sang Oméga,
Kang Miwiti lan Kang Mungkasi, Kang
Wiwitan lan Kang Wekasan."
14 Begja wong sing padha ngumbah
sandhangané nganti resik. Kuwi sing
bakal padha duwé wewenang mangan

wohing wit panguripan lan mlebu ing
kutha, liwat ing gapura-gapurané.
15 Nanging wong-wong sing nglakoni
penggawé nistha lan juru-tenung,
wong-wong sing laku jina, tukang gawé
pati, wong nyembah brahala lan wong
sing seneng ngapusi, srana tembung lan
tumindak, kabèh panggonané ana ing
sanjabané kutha mau.
16 "Aku, Yésus, wis ngutus malaékat-Ku
supaya ngandhakaké prekara mau kabèh
marang pasamuwan-pasamuwan. Aku
iki tedhak-turuné Dawud, lintang panjer
ésuk kang mencorong."
17 Rohé Allah lan Pengantèn Putri padha
munjuk: "Paduka mugi rawuh!" Lan
sapa sing krungu, munjuka: "Paduka
mugi rawuh!" Sapa sing ngelak, majua!
Lan sapa sing kepéngin, njupuka banyu
panguripan tanpa nganggo mbayar!
18 Wong sing ngrungokaké pameca sing
kawedharaké ing kitab iki dakpituturi
mengkéné: "Yèn ana wong sing nambahi
apa-apa ing pameca-pameca iki, Gusti
Allah mesthi bakal maringi wewelak
marang wong mau, padha kaya sing
tinulis ing kitab iki.

19 Lan yèn ana wong sing ngurangi
pameca-pameca sing kawedhar ing
kitab iki, Gusti Allah iya bakal mundhut
pandumané berkah saka ing wit
panguripan lan saka ing kutha suci kuwi,
kaya sing katulis ana ing kitab iki."
20 Panjenenganė sing maringi pawarta
mau kabèh ngandika mengkéné: "Iya.
Aku mesthi énggal rawuh!" Amin! Inggih
Gusti Yésus, Paduka mugi rawuh!
21 Sih-rahmaté Gusti Yésus Kristus anaa
ing kowé kabèh! Amin.

Bahasa Jawa

==========

Alkitab dalam bahasa Jawa Sehari-hari:
Perjanjian Lama diterjemahkan berdasarkan teks bahasa Ibrani.
Perjanjian Baru diterjemahkan berdasarkan teks bahasa Yunani.

Terjemahan ini diterima dan diakui
oleh Konperensi Waligereja Indonesia.

KABAR KABINGAHAN

KITAB SUCI
mawi Basa Jawa Padintenan

LEMBAGA ALKITAB INDONESIA
JAKARTA 1994

ISBN 979-463-030-6
IBS 10; JAWA; TJAWAV-062;10M-1994
Old and New Testament
Today's Java Version

Lembaga Alkitab Indonesia
Jln. Salemba Raya 12, Tel. (021) 3142890
Jakarta 10430

Edisi I, cetakan pertama 1994

Dicetak oleh
Percetakan Lembaga Alkitab Indonesia